# Holy Bible Nigerian Pidgin English

Pidgin, Nigerian: Holy Bible Nigerian Pidgin English (Bible)

# Holy Bible Nigerian Pidgin English

## Pidgin, Nigerian: Holy Bible Nigerian Pidgin English (Bible)

copyright © 2019 Wycliffe Bible Translators, Inc.

Language: Nigerian Pidgin

Contributor: The Seed Company

© Wycliffe Bible Translators, Inc. 2020 in cooperation with The Nigerian Pidgin Translation Committee
All rights reserved.

2020-11-30

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 21 Feb 2024 from source files dated 29 Jan 2022
789d27d3-da5e-50a4-a07b-58793a8f3c17

Contents


Jenesis . . . 1
Exodus . . . 64
Levitikus . . . 114
Nombas . . . 149
Deutronomi . . . 200
Joshua . . . 246
Judges . . . 273
Rut . . . 302
1 Samuel . . . 307
2 Samuel . . . 345
1 Kings . . . 378
2 Kings . . . 414
1 Kronikles . . . 450
2 Kronikles . . . 489
Ezra . . . 528
Nehemaya . . . 540
Estha . . . 558
Job . . . 567
Psalms . . . 619
Proverbs . . . 746
Ekklesiastes . . . 789
Song of Songs . . . 803
Isaya . . . 812
Jeremaya . . . 905
Lamentashons . . . 991
Ezekiel . . . 1003
Daniel . . . 1066
Hosea . . . 1084
Joel . . . 1101
Amos . . . 1108
Obadaya . . . 1120
Jonah . . . 1123
Mikah . . . 1126
Nahum . . . 1136
Habakkuk . . . 1141
Zefanaya . . . 1146
Haggai . . . 1151
Zekaraya . . . 1154
Malakai . . . 1165
Matiu . . . 1169
Mark . . . 1214
Luke . . . 1242
John . . . 1289

Acts . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1325
Romans . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1366
1 Korintians . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1384
2 Korintians . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1401
Galatians . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1413
Efesians . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1420
Filippians . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1426
Kolossians . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1431
1 Tesalonians . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1436
2 Tesalonians . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1440
1 Timoti . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1443
2 Timoti . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1449
Titus . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1453
Filemon . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1456
Hibru . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1458
James . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1471
1 Pita . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1476
2 Pita . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1481
1 John . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1484
2 John . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1489
3 John . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1490
Jude . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1491
Revelashon . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1493

# Jenesis

## Introdushon

Jenesis and di oda books wey Moses write (Exodus, Levitikus, Nombas and Deutronomi) na to tell us about Israel pipol story and na dem bi di first part for di Bible. Na Moses take Israel pipol komot from Egypt. Jenesis tok about how Israel take get betta pozishon for God eye, as E dey plan for evry human being. Wen God kreate di world, E get betta plan for us, but awa pride and sin kon spoil evritin. Bikos of di sin, wahala, trobol and sofa wey dey di world, God kon distroy di world with wota. Leta, God kon choose Abraham and promise en and en shidren. Na dis bi di main story for dis book. Israel wey Abraham, bi dia grand-papa, na di pipol wey God choose and na dem E go take bring evribody for di world kom back to ensef. Jenesis end with Israel family wey don kon plenty well-well, but dem nor dey di land wey God promise dem. So di next book (Exodus) kontinue di story. Na twelf sekshon dey di rest of dis book. Each sekshon tok about one main pesin and di life of di pesin. Dem arrange dem like dis, so dat wi go fit undastand human being story from di biginnin.

### *God Kreate Di World*

1 Wen di world just start, na God kreate di heaven and di eart. 2 Di eart
nor get shape at-all. E dey empty and darkness kover di wota, but God
Spirit dey waka on-top di wota.
3 So God kon sey, "Make lite kom." And lite kon kom! 4 God si sey di
lite dey good, so E kon separate di lite from di darkness. 5 God koll di
lite, "Day" and di darkness, E koll am, "Nite." And dat evening and
morning kon make am di first day.
6 God sey, "Make di wota divide into two, so dat space go dey di middle."
7 So God separate di wota wey dey under di space from di wota wey
dey on-top di space. And na so e kon bi. 8 God koll di space, "Sky."
And dat evening and morning kon make am di sekond day.
9 God sey, "Make di wota wey dey under di sky gada for one place and
make dry groun kom out." And na so e kon bi. 10 God kon koll di dry
groun, "Land" and di wota wey gada, E koll am, "Sea." God si sey e
dey good. 11 God kon sey, "Make di land produce difren plants: plants
wey go bear seeds akordin to how dem bi and trees wey go bear fruit
akordin to how dem bi." And na so e kon bi. 12 Di land produce difren
plants; di ones wey dey bear seeds and fruits, akordin to dia kind. God
kon si sey e dey good. 13 So dat evening and morning kon make am di
third day.
14 God sey, "Make lite dey for di sky wey go separate di day from di nite
and make sign dey wey go show sizin, days, years 15 and make dem bi
lite for di sky wey go give lite to di eart." And na so e kon bi. 16 God
make two big lite: di one wey big pass go shine for day time and di
small one go shine for nite. God make di stars too. 17 God put di lite
for di sky, so dat e go dey shine for di eart 18 and dem go dey rule both
for day and nite. Dem go separate lite from darkness. So God si sey

evritin dey good. 19 And dat evening and morning kon make am di
fourt day.
20 Den God kon sey, "Make difren animals wey get life full di wota and
make birds full di sky." 21 God kreate di big-big fish for sea and evry
oda tin wey dey stay inside wota and difren-difren birds. God si sey
dem dey good. 22 God bless dem kon sey, "Make una stay di wota kon
born many shidren and make di birds born many pikin full di sky."
23 So dat evening and morning kon make am di fift day.
24 Den God sey, "Make di land produce difren animals akordin to dia
kind: kattle, tins wey dey creep for groun and wild animals akordin
to dia kind." And na so e kon bi. 25 God make wild animals, kattle and
evritin wey dey creep for groun akordin to dia kind. God kon si sey
dem dey good.
26 Den God sey, "Make wi kreate human being like Awasef, just as wi bi,
so dat dem go bi oga ova di fish dem for sea and di birds for di sky, plus
di kattles and ova di whole eart plus evritin wey dey inside."

27 So God kon kreate human being like ensef;
as God bi, na so E kreate dem;
both man and woman, na-im E kreate.

28 God bless dem kon sey, "Make una born many shidren full di eart
and na una go kare for evritin! Na una bi oga ova di birds for di sky, di
fish dem for sea and evritin wey God kreate." 29 Den God sey, "Evry plant
wey dey bear seed and tree wey dey bear fruit, I give dem to una as food.
30 Plus all di animals for di eart; birds for di sky and evritin wey dey waka
for groun. Evritin wey dey alive and evry green plant, I gi-am to una as
food." And na so e kon bi. 31 So God si evritin wey E kreate and dem good
well-well! And dat evening and morning kon make am di sixt day.

# 2

### *God Kreate Man And Woman*

1 God kon kreate evritin wey dey di heaven and di eart finish.
2 For di sevent day, God finish di work wey E dey do and E kon rest.
3 God bless di sevent day kon make am holy, bikos na dat day E stop
all di work wey E dey do since.
4 Dis na di story about di heaven and eart wey God kreate. 5 For dis
time, nor-tin don ever grow for di eart, bikos Oga God neva let rain fall
and nobody dey wey go klear di groun or plant put. 6 But wota dey flow
from di sea kon wet di groun. 7 So Oga God take some san-san for groun
take mold man kon breath life enter en nose, den di man kon dey breath.

### *Eden Gardin*

8 God make Eden Gardin for di east kon put di man wey E kreate for
der. 9 God kon make difren trees make dem grow for di soil and dem dey
good for food. (Naw, di tree wey get life, wey dey make pesin know tins
well-well; wey dey good and bad, dey for di gardin centre.)
10 So as wota dey flow from Eden go wota di gardin, e dey from der,
divide into four river. 11 Di first river name na Pishon; e dey flow for
Havilah land, di place where gold dey. 12 (Di gold wey dey di land, dey
pure and difren-difren good iron still dey der too.) 13 Di sekond river name

na Gihon; e dey flow pass Kush land. 14 Di third river name na Tigris; e
dey flow pass di east for Assyria. And di fourt one name, na Eufrates.
15 God take man kon put am for Eden Gardin, so dat e go kare for evritin.
16 Den Oga God kommand di man sey, "Yu fit chop from evry tree wey dey
di gardin, 17 but make yu nor chop from di tree wey get life; wey dey make
pesin know tins; di tree wey dey good and bad, bikos wen ever yu chop
from am, na dat day, yu go die."
18 Den God kon sey, "E nor good make only man dey. I go gi-am somebody
wey go make belle sweet am." 19 God make evritin wey get life from di
groun. E bring dem kom meet di man make e give dem name and any
name wey di man koll any animal, na dat name go follow am. 20 So man
name all di animals, birds for di sky and evritin wey get life for di eart,
but Adam nor si anytin wey bi like am. 21 So Oga God kon make man sleep
deep sleep and as e dey sleep, God take one from di man rib kon use flesh
kover di place. 22 Den Oga God make anoda pesin from di rib wey E take
from di man, den E bring am kom meet di man.
23 Den di man sey,

"At last, dis one bone kom from my bone
  and en flesh kom from my flesh;
I go koll am, 'Woman,'
  bikos God make am from man."

24 Dat na di rizin why man must live en papa and mama kon go stay with
en wife and dem two go bikom one.
25 Di man and en wife nor wear anytin for body, but shame nor katch
dem at-all.

# 3

*How Man Take Sin*

1 Na snake play wayo pass any wiked animal wey God kreate. So di
snake tell di woman, "Na true sey God sey, 'Make una nor chop from all
di tree wey dey di gardin'?"
2 Di woman ansa, "No o-o! Wi fit chop from all di fruit wey dey di gardin;
3 but about di fruit from di tree wey dey di gardin centre, God sey, 'Una
must nor chop or tosh am, bikos if una chop or tosh am, una go die.' "
4 So, di snake tell di woman, "True-true, una nor go die, 5 bikos God
know sey wen una chop from di tree, una eyes go open and una go bi like
God ensef, wey know wetin dey good or bad."
6 Wen di woman si sey di fruit wey di tree dey produce fine well-well
and e good to chop; and e go make pesin get sense well-well, e kon take
some of di fruit chop. Di woman still give some to en husband wey dey
with am and e kon chop too. 7 Den dem two eye kon open and dem kon
know sey dem nor wear anytin; so dem sew fig leaf togeda kon take am
kover dia body.

*God Judge Dem*

8 Den di man and en wife kon dey hear Oga God dey waka for di gardin
wen evriwhere don kwayet for evening, so dem kon hide from di Oga wey
bi dia God. 9 But God koll di man kon sey, "Where yu dey?"
10 Di man ansa, "I hear wen Yu dey waka for di gardin and fear kon
katch mi, bikos I nor wear anytin, so I kon hide."

11 So Oga God ask am, “Na who tell yu sey yu dey naked? Abi, yu don chop di fruit for di tree wey I sey make yu nor chop?”
12 Di man ansa, “Di woman wey Yu give mi bring some fruits from di tree and I kon chop am.”
13 Den Oga God tell di woman. “Wetin bi dis wey yu don do so?”
Di woman ansa, “Di snake deceive mi and I kon chop from am.”
14 God kon tell di snake, “Bikos yu do like dis,

“For all di wild animals wey I kreate for dis eart,
curse dey yor head!
Na belle yu go take dey waka
and na san-san yu go dey chop
for all yor life.
15 I go make yu hate woman
and yor pikin go still hate pikin
wey woman born.
Pikin wey woman born go mash yor head
and yu go bite dia leg.”

16 God kon tell di woman,

“Wen yu dey labor, I go make am pain yu well-well.
Na inside pain yu go take born shidren.
Yu go won kontrol yor husband,
but na-im go bi yor head.”

17 God tell Adam, “Yu obey yor wife kon chop from di tree wey I kommand yu sey, ‘Make yu nor chop from.’

“Bikos yu do dis, I curse di groun.
Yu go work hard to make di groun bring food
till yu die.
18 E go dey bring out grass for yu,
but na di korn from di groun na-im yu nid as food.
19 Yu go sweat before yu chop,
until di day wey
yu go die go back to groun,
where I from kreate yu.”

20 Di man kon koll en wife Eve, bikos na en bi mama to evritin wey dey alive.

### *God Porshu Adam And Eve*

21 God use skin take make garment for Adam and en wife kon give dem
make dem wear. 22 So God sey, “Naw wen man don bi like us, wen e don
know wetin dey good and bad, make wi nor let am chop from di tree wey
dey give life, if not, e nor go ever die.” 23 So Oga God kon porshu man and
en wife komot from Eden Gardin, so dat e go-go farm for di groun where
God from kreate am. 24 Wen God porshu dem komot, E kon put angels for
di gate for di east side for di gardin with one swod wey dey bring fire and
e dey turn face evriwhere. Dis one na to stop anybody wey won go near
di tree wey dey give life.

# 4

### *Kain And Abel*

1 Adam sleep with Eve en wife and e get belle kon born boy, den e sey,
“I don get boy just as di Oga God wont!” So e koll am, “Kain.” 2 Eve get

belle again kon born anoda boy and en name na Abel. Abel dey kare for
di animals, while Kain na farmer.
3 Afta sometaim, Kain kon bring some fruit from di groun wey e won
offa give Oga God. 4 While Abel bring some of di first-born for en animals
wey fat pass. God like wetin Abel bring, 5 but E nor like Kain and en ofrin.
So Kain kon dey vex and e face kon shange.
6 Den Oga God ask Kain, Wetin make yu dey vex and why yor face
shange? 7 "Nor bi true sey if yu do wetin dey write, body go sweet yu?
But if yu nor do wetin dey write, dat mean sey sin dey knock for yor door,
bikos e won rule yu, but make yu nor allow am."
8 Kain kon tell en broda Abel sey, "Make wi go di field." As dem dey di
field, Kain rush en broda Abel kon kill-am.
9 Den Oga God ask Kain, "Where yor broda dey?" Kain ansa, "I nor
know! Na mi dey keep my broda?" 10 But di Oga God sey, "Wetin yu don
do so? Yor broda blood dey kry from groun kon meet mi! 11 So naw, I go
drive yu komot from di groun where yu for kill yor broda; di groun wey
swallow yor broda blood from yor hand. 12 Wen ever yu try to plant seed
for di groun, e nor go grow well for yu. Yu go dey waka anyhow for dis
eart without house."
13 Den Kain tell di Oga God, "Abeg! My ponishment too big for mi! 14 Si!
Yu dey porshu mi from di land and I must hide make Yu nor si mi. I go
dey waka without house for dis eart; so anybody wey si mi, go kill mi."
15 But di Oga God kon sey, "Okay, if anybody kill Kain, seven pesin go
die too from en family." Den di Oga God kon put one special mark for en
head, so dat anybody wey si am, nor go kill-am. 16 So Kain komot from di
Oga God front kon go stay Nod land wey dey di east side for Eden.

### *As Life Take Start*

17 Kain sleep with en wife and e get belle kon born boy wey e koll Enoch.
Kain build one town kon name am, Enoch wey bi en pikin name.
18 Enoch kon born Irad
and na Irad bi Mehujael papa.
Mehujael born Metushael
and na Metushael bi Lamek papa.
19 Lamek marry two wife; di first one name na Adah and di sekond one
na Zillah. 20 Adah kon born Jabal and e dey among doz wey first stay
inside tent and get animals. 21 En broda name na Jubal and e dey among
doz wey first play di harp and flute. 22 Naw, Zillah still born Tubal-Kain
wey dey melt iron, make difren tools: swod, knife both from bronze and
iron. Tubal-Kain sista name na Naamah.
23 Lamek kon tell en wifes:
"Adah and Zillah! Make una listin to mi!
Una wey bi Lamek wife, make una hear wetin I won tok!
I don kill pesin, bikos e wound mi;
I kill di yong man, bikos e make mi vex.
24 If seven pipol go die bikos dem kill Kain,
den seventy-seven pipol go die for Lamek."

### *Seth And Enosh*

25 Adam sleep with en wife again and e get belle kon born boy, den Eve
koll am Seth, bikos e sey, "God don give mi anoda pikin wey go take Abel

place. Abel wey Kain kill.” 26 Seth too kon born boy and en name na
Enosh. From dat time, pipol kon start to woship Oga God.

# 5

*From Adam Go Rish Noah*

1 Dis na di rekord of Adam family. Wen God kreate human being, E make
dem just as E bi. 2 Na both man and woman E kreate kon bless and koll
dem, “Human being.”

3 Wen Adam don old rish hundred and thirty years, e kon get one pikin
wey bi like am and en name na Seth. 4 Afta Adam born Seth, e still
stay for anoda eight hundred years and for dis time, e still born many
sons and dotas. 5 Di total days wey Adam live, na nine hundred and
thirty years and e kon die.

6 Wen Seth don stay for one hundred and five years, e kon born Enosh.
7 Seth dey for eight hundred and seven years again and e born some
oda sons and dotas. 8 Di total life wey Seth live na nine hundred and
twelf years and e kon die.

9 Wen Enosh don stay for ninty years, e kon born Kenan. 10 Enosh stay
for eight hundred and fifteen years afta e don born Kenan and e born
oda shidren. 11 Di total life wey Enosh live na nine hundred and five
years, den e kon die.

12 Wen Kenan don live for seventy years, e kon born Mahalalel. 13 Kenan
live for eight hundred and forty years afta e born Mahalalel and e born
oda shidren. 14 Di total life wey Kenan live na nine hundred and ten
years and e kon die.

15 Wen Mahalalel don live for sixty-five years, e kon born Jared.
16 Mahalalel stay for anoda eight hundred and thirty years afta e born
Jared and e born oda shidren. 17 Di total life wey Mahalalel live na
nine hundred and ninty-five years and e kon die.

18 Wen Jared don live for one hundred and sixty-two years, e kon born
Enoch. 19 Jared live for anoda eight hundred years and e get oda sons
and dotas. 20 Di total life wey Jared live na nine hundred and sixty-two
years and e kon die.

21 Wen Enoch don live for sixty-five years, e kon born Metuselah. 22 Afta
e born Metuselah, Enoch do as God tell am for three hundred years
and e get oda sons and dotas. 23 Di total life wey Enoch live na three
hundred and sixty-five years. 24 Enoch waka with God, den e vanish,
bikos God take am.

25 Wen Metuselah don live for one hundred and eighty-seven years, e
kon born Lamek. 26 Metuselah live anoda 700 and eighty-two years
afta e born Lamek, en brodas and sistas. 27 Di total life wey Metuselah
live na nine hundred and sixty-nine years, den e kon die.

28 Wen Lamek don live for one hundred and eight two years, e kon born
boy. 29 E koll di boy Noah kon sey, “Dis one go give us rest from all
di hard-hard work wey wi dey do from dis groun wey Oga God don
curse.” 30 Lamek live for five hundred and ninty five year afta e born
Noah and e still get oda shidren. 31 Di total life wey Lamek live na
seven hundred and seventy-seven years and e kon die.

[32] Afta Noah don stay for five hundred years, e kon born Shem, Ham and Jafet.

# 6

*Man Wiked Well-well*

[1] Wen human being don plenty for di world and dem kon dey born girls,
[2] some among God sons kon si as woman fine rish. So dem kon dey marry
dem as wife. [3] So Oga God kon sey, "My Spirit nor go fit stay with man
again pass one hundred and twenty years, bikos dem bi ordinary human
being."

[4] Before-before and even leta, Nefilim pipol (giant pipol) dey for di eart and na God sons born dem wen dem dey sleep with ordinary wimen. Na dem bi di wariors wey pipol bin know for evriwhere.

[5] But di Oga God si as human being wikedness don strong for di eart.
Evritin wey dem dey tink for dia mind, na how to do evil tins. [6] Oga God
regret sey E make human being for dis eart and E kon dey vex. [7] So Oga
God sey, "I go distroy human being wey I kreate komot for dis eart; plus
evritin, from human being go rish animals, join di ones wey dey creep for
groun and di birds for di sky, bikos I dey vex sey I kreate dem." [8] But di
Oga God like Noah well-well, bikos e dey good for God eye.

*Noah*

[9] Dis na Noah story. Noah na pesin wey dey fear God; e nor get fault for
body among evry oda human being. E dey waka with di Oga God. [10] Noah
get three boys and dia name na: Shem, Ham and Jafet.

[11] But evry oda pesin dey bad for di Oga God eye. [12] God look di eart
kon si sey e dey bad well-well, bikos all di pipol dey live wiked life. [13] So
God kon tell Noah, "I don sey I go kill evritin wey dey dis eart, bikos bad
tins full di eart bikos of dem. Naw I won distroy dem and di eart.

[14] "Make yu go make one boat kon kover am for inside and outside.
[15] Dis na how yu go make am: Di boat go long rish 400 fit, e go wide rish
seventy-five fit and e go high rish forty-five fit. [16] Yu go make roof for di
boat, finish am kon leave space wey rish eight inches from di top. Put one
door for di boat and yu go divide am into three: di lowa one, di middle
and di uppa one.

[17] "I go make rain fall for di eart wey go distroy evritin wey get life under
di sky. Evritin wey dey di eart go die, [18] but I go keep my kovenant with
yu. Yu go enter di boat: yu, yor sons, yor wife and yor shidren dem wife.
[19] Yu must take two-two of evry kind animals enter di boat, make dem bi
man and woman, so dat dem go fit born and dey alive with yu. [20] For evry
kind bird, yu go take two and for evry kind kattle, doz animal wey dey
creep for groun, yu go take two-two, so dat yu go keep dem. [21] And yu
go take and gada evry kind food enter inside di boat, so dat una go dey si
food chop."

[22] So Noah do as God kommand am.

# 7

*Di Rain*

[1] So Oga God tell Noah, "Make una enter di boat, yu and yor family, bikos
I si sey yu nor get fault among evribody for dis yor generashon. [2] Yu must

karry seven man and seven woman for evry klean animal follow body,
but for evry animal wey nor dey klean, yu go take only one man and one
woman. 3 Den yu go still take seven man and seven woman from evry kind
bird wey dey fly for sky, so dat dem go born many shidren leta. 4 Bikos
seven days from naw, I go send rain kom di eart for forty days and forty
nite kon kill evritin wey get life wey I kreate."

5 So Noah do as God kommand am. 6 Noah don rish six hundred years
wen wota kover di eart. 7 Noah enter di boat with en sons, en wife and en
shidren wife dem wen di rain won fall. 8 Two-two from evry klean animal;
animals wey nor klean; birds and evritin wey dey creep for groun, 9 both
man and woman, all enter di boat kom meet Noah, just as God kommand
am. 10 And afta seven days, di rain kon start to fall.

11 Wen Noah don old rish six hundred and two monts, for di seventint
day for di mont, all di wota for sky bigin rush anyhow and di heaven kon
open, 12 den rain from heaven kon start to fall for di eart for forty days and
forty nites. 13 For dat very day, Noah enter di boat with en sons Shem, Ham
and Jafet, plus en wife and en shidren wife. 14 Dem enter with evry kind
tin wey get life; difren animal; evritin wey dey creep for groun akordin
to how dem bi and evry bird akordin to how dem bi, plus evritin wey get
feada. 15 Two-two from evritin wey get life kom meet Noah inside di boat.
16 Doz wey enter na man and woman, just as God kommand am. Den Oga
God klose di boat door.

17 Di wota fall for di eart for forty days. As di wota dey many, di boat
dey go up. 18 Di wota kover di eart and di boat kon dey float on-top di
wota. 19 Di wota kon kover di eart sotey e even kover di mountins wey
high pass for di eart. 20 Di wota kon high rish twenty fit afta e don kover
di mountins wey high pass. 21 And evritin wey get life for di eart kon die:
di bird for sky, animals, both di ones for house and wiked ones; evritin
wey dey di eart and all human being. 22 Evritin for land wey dey breath
thru dia nose kon die. 23 So Oga God distroy evritin wey get life for di eart:
pipol, animals, di ones wey dey creep for groun and birds for di sky. All of
dem die komot di eart. Only Noah and doz wey dey with am for di boat,
naim save. 24 Di wota kover di eart for one hundred and fifty days.

# 8

### *Di Rain Stop*

1 But God remember Noah and all di animals wey dey inside di boat.
So E make one breeze blow for di eart, den di wota kon dey dry small-
small. 2 Di rivers for heaven klose and di rain kon stop to fall from di sky.
3 Di wota kon dey dry small-small, so afta one hundred and fifty days, dry
groun kon show. 4 For di seventint day for di seven mont, di boat kon stay
on-top one mountin wey dem dey koll Ararat. 5 Di wota still dey go down
until di tent mont and dem kon dey si top of di mountin.

6 Afta forty days, Noah open di window wey e make for di boat 7 kon
send one bird go; di bird fly dey go front and back, until di wota kon dry
finish. 8 Den Noah send anoda bird make e go si if di wota don dry finish.
9 Di dove nor si anywhere pesh put, bikos wota still kover di eart, so e kom
meet Noah back for di boat. 10 Noah wait for anoda seven days, den e send
di dove go again. 11 Wen di dove kom back for evening, betta fresh olive

tree leaf dey en mout! Noah kon know sey di wota don almost dry finish.
12 E wait for anoda seven days, den e send di dove go again, but dis time,
di dove nor kom back.
13 Wen Noah don rish six hundred and one year, for di first day for di
first mont, di wota kon dry finish from di eart and Noah open di boat kon
si sey di groun don dry. 14 So for di twenty-seven day for di sekond mont,
di eart kon dry finish. 15 Den God tell Noah, 16 "Make una kom out from
di boat, both yu, yor wife, yor shidren and dia wife. 17 Make all di tins
wey get life kom out with yu. Make evritin kom out: di birds, animals and
evritin wey dey creep for groun. Make dem get belle kon born full di eart!"
18 Noah kom out with en sons, wife and en pikin wife dem. 19 Evritin wey
get life: animals, birds and di ones wey dey creep kon kom out one-by-one.

### *Noah Sakrifice*

20 Noah build one altar for Oga God. E kon take some from evry klean
animal and bird take offa ofrin for di altar. 21 Di ofrin smell kon make
belle sweet God, so E tell ensef, "I nor go ever curse di eart again, bikos of wetin human being do; even doh I know sey since wen I kreate dem, na only bad tins dem dey tink. I nor go ever distroy evritin wey get life as I don do so.

22 "As long as di eart dey,
time go dey to plant and time go dey to plok wetin dem plant.
Sometaims kold go dey and oda times heat go dey.
Rain go fall sometaims and oda times evriwhere go dry,
but day and nite go always dey."

# 9

### *God Make Kovenant With Noah*

1 Den God bless Noah and en shidren kon tell dem, "Make una born full
di eart. 2 Evritin wey I kreate for dis eart go dey fear una, both animals and birds for sky. Evritin wey dey creep for groun and di fish for inside
sea, go dey under una pawa. 3 Una fit chop anytin wey still dey waka. As
I give una di green plant, na so too I don give una evritin. 4 But make una
nor chop meat wen en blood still dey inside am. 5 If anybody kill pesin, I
go ponish am. I go kill any animal wey kill human being.

6 "Na as God bi, dem make man,
so anybody wey kill pesin,
na so too anoda pesin go kill-am.
7 But yu go get many shidren and dem go many kon full di whole eart."

8 God kon tell Noah and en sons sey, 9 "Si! I dey make my kovenant with
yu and yor shidren-shidren 10 and with evritin wey dey alive: all di birds
and animals, evritin wey follow yu kom out from di boat. 11 Na with dis
word I take enter kovenant with yu; I promise sey I nor go ever distroy
di eart with wota again." 12 And God sey, "Dis na di sign for di kovenant
wey I dey make with yu and evritin wey get life and dis kovenant na from
one generashon go rish anoda: 13 I go use rainbow as sign for di sky and
e go bi sign for di kovenant wey I make with di eart. 14 Wen ever I bring
kloud make e kover di eart and di rainbow sign appear for di sky, 15 den
I go remember di kovenant wey I make with una and evritin wey get life
akordin to how dem bi. Wota nor go ever kom distroy di eart and evritin

wey get life again. 16 Wen di rainbow dey for di kloud, I go si am kon
remember di everlastin kovenant between mi and evritin wey get life for
dis eart." 17 So God tell Noah, "Dis na sign for di kovenant wey I make
between mi and evritin wey get life for dis eart."

### *Noah Curse Kanaan*

18 Noah sons wey kom out from di boat na Shem, Ham and Jafet. (Na
Ham bi Kanaan pipol papa.) 19 Dis na Noah sons and from dem, pipol kon
full di whole eart. 20 Noah wey bi farmer na-im bi di first man to plant
vineyard. 21 Wen e drink some for di wine, di drink kon katch am and e
naked for inside di tent. 22 Ham wey bi Kanaan papa kon si sey en papa
dey naked and e kon tell en two brodas wey dey outside. 23 Shem and
Jafet take di klot kon put am for dia shoulder. Den dem kon take back
waka enter kon kover dia papa nakednes. 24 Wen Noah wake-up from en
sleep, e kon si wetin e sons do to am. 25 So e sey,

"I curse Kanaan!
Na en go bi slave to en brodas."

26 E still sey,
"Make wi praiz God wey bi Shem God and Kanaan go bi en savant.
27 Anytin wey Jafet put en hand,
God go make am betta!
Make e stay Shem tent
and Kanaan go bi en savant!"

28 Afta di rain, Noah stay for three hundred and fifty years. 29 Di total
life wey Noah stay na nine hundred and fifty years, den e kon die.

# 10

### *Di Pipol For Di World*

1 Na dis bi family wey Noah shidren: Shem, Ham and Jafet born, afta di flood happen.

### *Jaflet Shidren*

2 Jafet shidren na
Gomer, Magog, Madai, Javan, Tubal, Meshak and Tiras.
3 Gomer kon born
Ashkenaz, Rifat and Togarmah.
4 Javan shidren na
Elisha, Tarshish (wey bi Spain naw), Kittim pipol dem (wey bi Cyprus
naw) and Dodanim pipol (wey bi Rhodes naw.) 5 Na dem bi di grand-
grand papa to di pipol wey dey di land wey wota surround. Na dem
bi Jaflet shidren-shidren.

### *Ham Shidren*

6 Ham shidren na
Kush, Mizraim, Put and Kanaan.
7 Kush shidren na
Seba, Havilah, Sabtah, Rama and Sabteka.
Rama shidren na
Sheba and Dedan.

8 Kush na Nimrod papa, dis Nimrod kom bi warrior for di eart. 9 En na
strong hunta for Oga God front. Dat na why dem dey sey, "Just like Nimrod
wey bi strong hunta for God present." 10 For di first time, en kingdom

na Babel wey bi Babilon, Erek, Akkad and Kalneh wey dey Shinar land.
11 From dat land, e kon go Assyria where e for build Nineveh, Rehobot,
Kalah 12 and Resen where dey di centre for Nineveh and di great town
wey bi Kalah.
13 Mizraim (wey bi Egypt naw) shidren na
Lud pipol (wey bi Lydia naw), Anam, Lehab, Naftuh, 14 Patrus, Kasluh
(na from dem Filistia pipol from kom) and Kaftor pipol.
15 Kanaan shidren na
Sidon wey bi en first pikin, Het, 16 Jebus, Amor, Girgash, 17 Hiv, Ark,
Sin, 18 Arvad, Zemar and Hamat pipol. Leta, Kanaan family kon
skata 19 and dia land kon wide from Sidon to Gerar go rish Gaza
and from der to Sodom, Gomorrah, Admah and Zeboiim till e rish
Lasha.
20 Dis na Ham shidren akordin to dia family, dia language, lands and
kountries.

### *Shem Shidren*

21 Dem still born some sons give Shem (wey bi Jafet senior broda) and
na Shem bi papa to all Eber sons.
22 Shem shidren na
Elam, Asshur, Arfaxad, Lud and Mash.
23 Aram shidren na
Uz, Hul, Geta and Mash.
24 Arfaxad na
Shelah papa and Shelah na Eber papa.
25 Eber get two sons:
One name na Peleg, bikos na en time dem take divide di eart and en
broda name na Joktan.
26 Joktan shidren na
Almodad, Shelef, Hazar-Mavet, Jerah, 27 Hadoram, Uzal, Diklah,
28 Obal, Abimael, Sheba, 29 Ofir, Havilah and Jobab dem na Joktan
sons.
30 Where dem dey stay na from Mesha go rish Sefar for di hill for east.
31 Dis na Shem sons akordin to dia family, language, lands and kountry.
32 Dis na Noah family akordin to dia generashon, kountry and dia pipol
kon full di eart afta di rain don fall finish.

# 11

### *Babilon Towa*

1 From di biginnin wen di world start, evribody dey speak only one
language. 2 As dem skata go di east side dem kon rish one place wey dem
dey koll Shinar kon stay for der. 3 Den dem tell each oda sey, “Make wi
do stone kon bake dem make dem for strong well-well.” So dem do strong
stone wey dem go take build. 4 Den dem sey, “Naw, make wi build one
town wey go high rish di sky, so dat wi go make name for awasef, if not,
wi go skata for evriwhere for di eart.”
5 Den Oga God kom down kon si di town wey doz men dey build, 6 so
E kon sey, “If dem dey do dis as pipol wey dey speak one language, den
nor-tin go stop dem for anytin wey dem won do. E nor go tey before, dem
go fit do anytin wey dem wont! 7 So make wi go down go skata dem kon
mix dia language, so dat dem nor go undastand each oda.”

[8] So di Oga God skata dem for evriwhere for di eart and dem kon stop to
build di town. [9] Dat na why dem koll di town, Babel, bikos God give dem
difren language and from der, E skata dem for evriwhere for di world.

### *Shem Family*

[10] Dis na Shem shidren.
Two years afta di rain, wen Shem don rish hundred years, e kon born
Arfaxad. [11] Afta e born Arfaxad, Shem stay for five hundred years and
e born oda sons and dotas.
[12] Wen Arfaxad na thirty-five years, e kon born Shelah. [13] Afta Arfaxad
don born Shelah, e stay for 400 and three years and e born oda sons
and dotas.
[14] Wen Shelah na thirty years, e born Eber. [15] Afta e born Eber, Shelah
stay for 400 and three years and e born oda sons and dotas.
[16] Wen Eber na thirty-four years, e born Peleg. [17] Afta e born Peleg, Eber
stay for four hundred and thirty years and e born oda sons and dotas.
[18] Wen Peleg na thirty years, e kon born Reu. [19] Afta e born Reu, Peleg
stay for two hundred and nine years and e born oda sons and dotas.
[20] Wen Reu na thirty-two years, e kon born Serug. [21] Afta e born Serug,
Reu stay for two hundred and seven years and e born oda sons and
dotas.
[22] Wen Serug na thirty years, e kon born Nahor. [23] Afta e born Nahor,
Serug stay for two hundred years and e born oda sons and dotas.
[24] Wen Nahor na twenty-nine years, e kon born Terah. [25] Afta e born
Terah, Nahor stay for one hundred and nineteen years and e born
oda sons and dotas.
[26] Wen Terah na seventy years, e kon born Abram, Nahor and Haran.

### *Terah Family*

[27] Dis na Terah shidren-shidren. Terah born Abram, Nahor and Haran.
And na Haran bi Lot papa. [28] Haran die for di land wey dem for born
am, inside Ur for Kaldea, wen en papa Terah still dey alive. [29] Abram and
Nahor kon marry wife. Abram wife name na Sarai and Nahor wife name
na Milka wey bi Haran pikin and Haran na still Iskah papa too. [30] But
Sarai nor fit get belle; so e nor get pikin.
[31] Terah kon karry en pikin Abram, en grand-pikin Lot and en pikin wife
Sarai, dey follow body go Ur for Kaldea, so dat dem go-go Kanaan. Wen
dem rish Haran, dem kon stay for der. [32] Di total life wey Terah live na
two hundred and five years, den e kon die for Haran.

# 12

### *Abram Obey God*

[1] Naw, God kon tell Abram sey, “Komot from yor kountry; leave yor
relashon and yor papa house kon go di land wey I go show yu.
[2] “Den I go turn yu to one strong kountry
kon bless yu.
Yor name go dey great
and yu go get betta blessing.
[3] I go bless doz wey bless yu,
but doz wey curse yu, I go curse dem too.
All di family for dis eart,

go get blessing, bikos of yor name.”
[4] So Abram kon go, just as God tell am sey make e do and Lot follow
am go too. (Naw, Abram na seventy-five years wen e komot from Haran.)
[5] Abram take en wife Sarai, en broda pikin Lot and evritin wey e get, plus
di pipol wey dey with dem for Haran and all of dem kon go Kanaan land.
[6] Abram travel pass Moreh oak tree for Shekem. (For dat time, Kanaan
pipol dey stay for di land.)
[7] God appear to Abram kon sey, “I go give dis land to yor shidren-
shidren.” So Abram build one altar to God wey appear to am for der.
[8] Den e komot from der go di hill kountry for Bethel for east kon stay der.
E build anoda altar for der for God kon woship am. [9] Abram kon dey travel
small-small until e rish Negev.

### *Abram Go Egypt*

[10] But honga kon dey di land, so Abram go Egypt go stay der small, bikos
di honga strong well-well. [11] As e near Egypt, e kon tell en wife Sarai sey,
“Si o-o, I know sey yu bi fine woman [12] and wen Egypt men go si yu, dem
go sey, ‘Dis na en wife.’ Den dem go kill mi bikos of yu. [13] So make yu tell
dem sey, yu bi my sista, so dat dem nor go kill mi.”
[14] Wen Abram enter Egypt, Egypt pipol si as di woman fine well-well.
[15] Wen Fero offisa si di woman, dem kon tell Fero about am [16] and e trit
Abram well, bikos of di woman. Abram kon kollect sheep and kattle, both
man donkey and kamel.
[17] But God kon send one bad diziz enter Fero house, bikos of Sarai, Abram
wife. [18] So Fero koll Abram kon sey, “Wetin bi dis wey yu don do so? Why
yu nor tell mi sey dis woman na yor wife? [19] Wetin make yu sey, ‘Di woman
na my sista?’ Naw, I don take am as my wife! Make yu take di woman
and make una komot for here!” [20] So Fero kon orda en offisa make dem
porshu Abram, en wife and evritin wey bi dia own, komot from di town.

## 13

### *Abram And Lot*

[1] So Abram komot from Egypt kon go Negev. E take en wife, Lot and
evritin wey e get follow body. [2] (Naw, Abram get many animals, silva and
gold.) [3] E dey travel from one place go anoda, from Negev go rish Bethel.
Den e kom back to di place wey dey between Bethel and Ai, where e for
first put en tent. [4] Dis na di place where e for first build altar. So Abram
kon woship God for der.
[5] Lot wey dey travel with Abram, still get animals and propaty too. [6] So di
land nor big rish for di two of dem, bikos dem dey togeda and dia animals
too many. [7] So Abram men and Lot men wey dey look afta dia animals
kon bigin kworel. (For dat time, na Kanaan and Periz pipol dey stay for di
land.)
[8] Abram kon tell Lot, “Make mi and yu nor kworel and make awa men
nor kworel too, bikos wi bi brodas. [9] So make wi separate. Choose any
part for di land wey yu wont. Make yu go one side, while I go-go di oda
side.”
[10] Lot look well-well from Jordan River aria go rish Zoar. E kon know sey
evriwhere for der get betta green plant and dem get betta wota like Oga
God gardin for Egypt. (Dis na before God distroy Sodom and Gomorrah.)

[11] So Lot choose di whole River Valley for ensef kon waka go di east side.
Dis na how Abram and Lot take separate. [12] Abram stay for Kanaan and
Lot kon stay for di town wey dey di valley and e kamp near Sodom [13] wey
en pipol wiked and dey sin against God.

*Abram Go Hebron*

[14] Afta Lot don go, God kon tell Abram sey, "Make yu look from di place
where yu stand to di nort, sout, east and west. [15] All di land wey yu dey
si so, I go gi-am to yu and yor shidren-shidren forever. [16] And I go make
yor shidren-shidren plenty like san-san for di eart and nobody go fit kount
dem. [17] So make yu get up go look di land dem, bikos I go gi-am to yu."
[18] So Abram karry en tent kon go stay near Mamre oak wey dey Hebron
and e build anoda altar for God for der.

# 14

*Abram Save Lot*

[1] For dat time, Amrafel wey bi Shinar king, Ariok wey bi Ellasar king with
Kedorlaoma wey bi Elam king and Tidal wey bi Goyim king [2] kon gada go
fight, Bera wey bi Sodom king, Birsha wey bi Gomorrah king, Shinab wey
bi Admah king, Shemeba wey bi Zeboiim king and Bela king (di place wey
dem also dey koll Zoar).

[3] Dis five kings join togeda for Siddim Valley (wey bi Salt Sea). [4] For twelf
years, dem dey serve Kedorlaoma, but for di thirtint year dem kon fight
against am.

[5] For di fourteent year, Kedorlaoma and di kings wey join togeda kon go
win Refah pipol for Ashterot-Karnaim, Zuz pipol for Ham, Emite pipol for
Shaveh Kiriataim [6] and Horite pipol for dia hill kountry wey stay Seir go
rish El-Paran wey dey near di wildaness. [7] Den dem go fight En-Mishpat
(wey bi Kadesh) and dem win evry kountry wey dey for Amalek aria, even
Amor pipol wey dey stay Hazazon Tamar.

[8] Den Sodom, Gomorrah, Admah, Zeboiim and Bela (wey bi Zoar) kings
kon ready for war. Dem meet each oda for Siddim Valley with [9] Elam king,
Ariok king, Amrafel king and Tidal wey bi king for some oda kountries.
So na four kings dey go fight against five. [10] Naw, Siddim Valley get some
portor-portor. Wen Sodom and Gomorrah king dey run, some for en men
kon fall enter di pit, while di rest, run go di hills. [11] Di four kings wey win
di war, kollect all di propaty and food wey Sodom and Gomorrah get, den
dem kon go. [12] Dem still karry Abram broda pikin, Lot and en propaty
follow body, bikos Lot dey stay for Sodom. [13] One pesin kon run go tell
Abram wey bi Hibru. For dis time, Abram dey stay near Mamre wey bi
Amor pipol oak. Dis Mamre na Eshkol and Aner broda. (All dis group don
join Abram.)

[14] Wen Abram hear sey dem dey karry en broda pikin go as slave, e kon
koll en three hundred and eighteen men wey dem train well and dem born
dis men for en house, den dem kon porshu di four kings go rish Dan. [15] So
for nite, Abram divide en men against di four kings men kon win dem. E
porshu dem go rish Hobah wey dey nort for Damaskus. [16] E kollect evritin
wey dem tif. E still bring en broda pikin, Lot and en propaty with all di
wimen and evribody kom back.

*Melkizedek Bless Abram*

17 Afta Abram don beat Kedorlaoma and di kings wey dey with am,
Sodom king kon go meet Abram for Shaveh Valley (wey dem dey koll Kings
Valley). 18 Melkizedek wey bi Salem king kon bring wine and bread kom
out. (Dis Melkizedek na di Most High God priest.) 19 E bless Abram kon
sey,
"Make di Most High God bless Abram,
di God wey kreate heaven and eart.
20 Make all praiz bi di Most High God own,
di one wey diliver yor enemies put for yor hand."
Abram kon give Melkizedek one out of evry ten tin wey e bring kom back
from di war.
21 Den Sodom king kon tell Abram sey, "Abeg give mi di pipol, make yu
take evry oda tin."
22 But Abram ansa, "I raiz my hand to di Oga God, di Most High God wey
kreate heaven and eart and I promise 23 sey I nor go take anytin wey bi
yor own. Nor bi even yor rope or sandal. So dat yu nor go sey, 'Na mi
make Abram get money.' 24 I nor go take anytin escept di food wey my
men chop and di tins wey dem use. But make my men, Aner, Eshkol and
Mamre take dia share."

# 15

### *God Make Kovenant With Abram*

1 Afta all dis tins, God tok to Abram for vishon:
"Abram! Make yu nor fear!
Na mi dey guide yu
and yor reward go big well-well."
2 But Abram sey, "My Oga God wey get pawa, wetin Yu go give mi, since
I neva born pikin and na dis Elieza for Damaskus go inherit my propaty?"
3 Abram still sey, "Since Yu neva give mi shidren, den one of my savants
go inherit my propaty!"
4 But God sey: "Yor savant nor go inherit yor propaty, but na yor own
pikin wey go kom from yor blood." 5 God take am go outside kon sey, "Look
di sky and yu go si di stars, den try if yu fit kount dem!" Den God sey, "Na
as di stars bi for up, na so yor shidren go plenty rish." 6 Abram bilive God
and bikos of en strong faith, God kon koll am raitious man. 7 God tell am,
"Na mi bi di Oga God wey bring yu kom from Ur for Kaldea, so dat I go
give yu all dis land as yor own."
8 But Abram sey, "My Oga God wey get pawa, na wetin go bi di sign to
show sey I go get all dis land?"
9 God ansa, "Make yu bring one melu, one goat and one ram; make all
of dem bi three years, den take one dove and one yong pijin follow body."
10 So Abram take all of dem go gi-am kon kut dem into two, den e put di
two side face each oda, but e nor kut di birds. 11 Wen birds for sky won
kon chop di tins wey Abram kill so, e kon porshu all of dem komot. 12 Wen
nite rish, Abram kon sleep deep sleep, den fear kon dey katch am.
13 So God tell Abram sey, "Make yu know naw sey yor shidren go bi
strenjas for anoda man land. Dem go ponish and trit dem like slave for
four hundred years. 14 But I go judge di kountry wey go ponish dem. Afta
evritin, dem go kom out with plenty propaty. 15 But for yu, wen yu don old
well-well, yu go die with peace of mind kon go join yor grand-grand papa

dem. 16 For di fourt generashon, yor shidren go kom back to dis place,
bikos Amor pipol sin neva plenty rish.”

17 Wen evening rish and day don dark, one pot wey dey bring smoke
with fire and dey shine like tosh kon pass between di animals wey Abram
sakrifice. 18 Dat day, God kon make kovenant with Abram sey: “From
Egypt borda go rish Eufrates River, I promise to give all dis land to yor
shidren, 19 plus Kenite, Kenizz, Kadmon, 20 Hit, Periz, Refah, 21 Amor,
Kanaan, Girgash and Jebus pipol land.”

# 16

### *Dem Born Ishmael*

1 Naw, Sarai wey bi Abram wife neva born any pikin, but e get one
woman savant from Egypt, wey en name na Hagar. 2 So Sarai kon tell
Abram, “Since God neva let mi born shidren, make yu sleep with my
savant. May bi wi fit from der get awa own family.” Abram kon do as
Sarai tok. 3 So Abram stay for Kanaan for ten years. Sarai wey bi Abram
wife kon give Hagar wey bi en savant from Egypt to Abram as wife.

4 Abram sleep with Hagar and e kon get belle. As Hagar know sey e don
get belle, e nor kon dey respet Sarai again. 5 Den Sarai kon tell Abram, “Na
yu curse dis wahala for mi! I allow yu make yu sleep with my savant, but
as e know sey e don get belle, e nor kom dey respet mi again. Make God
judge between yu and mi!”

6 Abram ansa Sarai, “Since yor savant dey under yor pawa, make yu do
am anytin wey yu like.” Den Sarai kon dey ponish Hagar, so Hagar kon
run leave Sarai.

7 So God angel kon si Hagar near one wota for wildaness, di wota dey
rush go Shur. 8 Di angel tell am, “Hagar, Sarai savant, where yu from kom
and where yu dey go?”

Hagar ansa, “I dey run from my madam, Sarai.”

9 Den di angel tell am, “Go back go meet yor madam make yu respet
am. 10 I go make yor shidren-shidren great.” God angel still sey, “Dem
go plenty well-well and nobody go fit kount dem.” 11 Den God angel tell
Hagar,

“Yu get belle naw
    and yu go soon born boy pikin.
Yu go name am ‘Ishmael,’
    bikos di Oga God don hear yor kry
    and si yor pains.
12 Yor pikin go live like donkey wey wiked well-well;
    e go dey against evribody
    and evribody go dey against am.
E nor go stay with en family.”

13 Hagar kon ask ensef, “I don really si di God wey si mi?” So e koll di
Oga God wey tok to am, “Di God Wey Dey Si.” 14 Dat na why pipol dey koll
di well wey dey between Kadesh and Bered “Beer Lahai Roi” wey mean,
“Di Well For Di God Wey Dey Alive And Dey Si Mi.”

15 So Hagar born boy for Abram and en name na Ishmael. 16 Dat time,
Abram na eighty-six years.

# 17

*Di Kovenant Sign*

1 Wen Abram na ninty-nine years, God appear to am kon sey, “Na mi
bi di Oga God wey get pawa. Follow mi waka and nor-tin go do yu. 2 I
go make my kovenant with yu kon give yu plenty shidren.” 3 Abram bow
face groun and God tok to am, 4 “I make dis kovenant with yu: I promise
sey yu go bi many pipol papa. 5 Yor name nor go bi Abram again, but e go
bi Abraham, bikos I dey make yu papa for many nashons. 6 I go give yu
many shidren and some of dem go bi kings. Yu go get many shidren and
dem go get kountries.

7 “I go keep my promise wey I make with yu and to yor shidren-shidren,
di kovenant go always dey forever. I go bi yu and yor shidren God. 8 I
go give yu and yor shidren dis land where yu dey stay as strenja naw. Di
whole Kanaan land go bi yor shidren-shidren own forever and I go bi dia
God.”

9 God still tell Abraham, “Yu too must gri sey yu go keep di promise wey
yu make with mi, both yu and yor shidren-shidren. 10 Yu and yor shidren-
shidren must agri to sekonsaiz evry boy pikin among una. 11 From naw
go, yu must sekonsaiz evry pikin wey bi boy, eight days afta dem born am,
12 plus yor savant wey bi strenja shidren wey dem go born for here. Dis go
show sey mi and yu, get kovenant. 13 Una must sekonsaiz evry pikin and
dis go bi sign to show sey my kovenant with yu, go bi forever. 14 Anybody
wey dem neva sekonsaiz, I nor go koll am my own, bikos e neva keep di
kovenant with mi.”

15 God tell Abraham, “Make yu nor koll yor wife Sarai again; from naw
go, en name na Sarah. 16 I go bless am and I go make am born boy for yu.
I go bless am and Sarah go bi plenty pipol mama and kings go dey among
en shidren-shidren.”

17 Abraham bow take face tosh groun, but e bigin laf wen e tink for en
mind dey sey, “Man go fit born pikin wen e don rish hundred years? Abi
Sarah fit born pikin naw wey e bi ninty?” 18 Abraham kon ask God, “Why
Yu nor allow Ishmael to bi my only pikin?”

19 But God sey, “No! Yor wife Sarah go get belle kon born boy for yu
and yu go koll am, Isaak. I go keep my kovenant with am and en shidren-
shidren forever. Di kovenant na forever and ever. 20 I hear wetin yu tok
about Ishmael. I go bless am kon gi-am many shidren. E go bi twelf prince
papa and I go make en shidren-shidren great. 21 But I go keep my kovenant
with yor pikin Isaak, wey Sarah go born for dis time next year.”

22 Wen God tok to Abraham finish, E kon leave am. 23 For dat same
day, Abraham obey God kon sekonsaiz en pikin Ishmael and all di oda
boys wey dey en house, plus en savants pikin and doz wey dey with
am. 24 Abraham na ninty-nine years wen dem sekonsaiz am 25 and en
son Ishmael na thirteen. 26 Na di same day dem take sekonsaiz Abraham,
Ishmael 27 and all en savants.

# 18

*God Appear To Abraham*

1 God appear to Abraham near Mamre oak tree as e sidan for front of
en house for one hot aftanoon. 2 Abraham look and e si three men stand
for di oda side. Wen e si dem, e run go meet dem kon bow for dem. 3 E

kon sey, “My oga, make una nor pass my house without sey una nor stop;
I bi una savant. [4] Make I bring some wota kom make una take wosh leg;
una fit rest for under di tree. [5] I go still bring some food kom make una
chop, so dat una go get pawa to kontinue una journey. Una don respet mi
to kom my house, so make I serve una.”

Dem kon ansa, “Tank yu; wi gri.”

[6] So Abraham rush enter house kon tell Sarah, “Make yu kwik-kwik
measure some flower den bake bread.” [7] Den e run go where di animals
dey, take one melu wey fine and fat kon give one savant, wey kwik-kwik
go kill-am. [8] E take some cream, some milk and di meat kon set di food for
di men front. For under di tree for der, Abraham kon serve dem by ensef
and di men kon chop.

[9] Den dem kon ask am, “Where yor wife Sarah?”

Abraham ansa, “E dey inside house.”

[10] One of dem kon sey, “Nine mont from naw, I go kom back and yor
wife Sarah go born boy pikin.”

Sarah dey di house back door dey listin. [11] Abraham and Sarah don old
well-well and Sarah don stop to si en period. [12] So Sarah kon laf and tell
ensef sey, “Naw wen I don old well-well so, I go fit still enjoy to born pikin?
Even sef, my husband don old too.”

[13] Den dem ask Abraham, “Wetin make Sarah dey laf kon sey, ‘I go fit
really still born pikin wen I don old?’ [14] E get anytin wey too hard for God
to do? As I tok before, nine monts from naw I go kom back and Sarah go
born boy.” [15] Bikos Sarah dey fear, e kon deny sey, “Na lie! I nor laf.” But
di Oga God kon sey, “No! Yu laf.”

### *Abraham Beg For Sodom Town*

[16] Wen di men stand up won go, dem kon go where dem go for fit si
Sodom well-well and Abraham escort dem go.

[17] God kon tell Abraham, “I go tell yu wetin dey my mind. [18] Afta all,
Abraham go bi plenty pipol papa and I go bless evribody thru am. [19] I don
choose am, so dat e go kommand en son and shidren-shidren sey make
dem obey mi kon do wetin dey good and korrect. If dem obey mi, I go
do evritin wey I promise am.” [20] Den God tell Abraham, “Di kry against
Sodom and Gomorrah too mush and dia sins too many. [21] I must go der
go si weda wetin I hear about dem, na true.”

[22] Den di men leave Abraham kon waka dey go Sodom, but Abraham
stay with Oga God. [23] Abraham go meet Oga God kon ask, “Yu won really
distroy doz wey nor do bad with doz wey do bad? [24] Wot of if pipol wey
dey fear Yu rish fifty for dat town? Yu go distroy di whole town? Yu nor
go bikos of di fifty pipol leave di town? [25] I know sey Yu nor go do dat
kind tin. Yu nor go kill pipol wey dey good with di bad ones.”

[26] God ansa, “If I si fifty pipol for Sodom wey dey fear mi, I go bikos of
dem nor distroy di town.”

[27] Den Abraham ask, “My Oga God! Abeg nor vex sey I too tok (even doh
I just bi ordinary dust), [28] wot of if na five nor make am rish fifty? Yu go
distroy di town, bikos five nor make am rish fifty?”

Oga God ansa, “I nor go distroy di town if I si forty-five pipol for der
wey dey fear mi.”

[29] Abraham ask am again, “Wot if na forty?”

God ansa, "I nor go distroy am, bikos of dat forty."

30 Den Abraham sey, "God, make Yu nor vex o-o, bikos I still won tok!
Wot of if dem bi thirty for der."

God ansa, "I nor go do am if I si thirty for der."

31 Abraham kon sey, "Since I fit tok to Yu my Oga God, wot of if dem bi
only twenty for der?"

God ansa, "I nor go distroy di town bikos of dem."

32 Abraham sey, "My Oga God! Abeg make Yu nor vex for yor savant.
Wot of if dem bi ten wey dey fear Yu for di town?"

God ansa, "I nor go distroy di town bikos of dat ten."

33 Afta God tok to Abraham finish, God kon go leave am. Den Abraham
go en house.

# 19

## *God Distroy Sodom And Gomorrah*

1 Di two angels kon rish Sodom for evening and dat time, Lot sidan for
di town gate. Wen Lot si dem, e get up go meet dem kon bow face groun.
2 E kon sey, "Una my oga! Abeg, make una kom enter una savant house.
Make una wosh una legs and na here una go sleep dis nite. Den tumoro
morning, una fit kontinue una journey."

Di angels kon sey, "No! Wi go sleep for di town centre."

3 Lot beg dem well-well, so dem kon enter en house. E kommand en
savant make e bake bread without yist for dem and dem kon chop. 4 Before
di angels go bed dat nite, Sodom men kon surround di house. All di men
for di town, both yong and old gada for der. 5 Di men kon koll Lot dey sey,
"Where di men wey kom meet yu dis evening? Bring dem kom out, so dat
wi go sleep with dem!"

6 Lot go meet dem for outside kon klose di door. 7 E kon ansa, "No my
brodas! Make una nor do dis wiked tin! 8 Si, I get two dotas wey neva
sleep with man before. Make I give dem to una and una if do dem anytin
wey una like. But make una nor do anytin to dis men, bikos na my house
dem dey."

9 Dem kon shaut gi-am sey, "Komot for awa front, yu wey bi strenja for
dis place; na yu won tell us wetin wi go do! Wetin wi go do yu go worse
pass wetin wi go do dem." 10 But di angels inside Lot house open di door
draw Lot enter inside kon klose am. 11 Di angel kon make di pipol eye
blind; from di yong ones go rish di old ones. Den di men for outside kon
dey find di door.

## *Lot Komot From Sodom*

12 So di two angels kon tell Lot, "Yu still get anybody for dis town? Yor
pikin husband dem dey di town? Abi yu get any broda or sista for here?
Go tell dem make dem komot from dis town, 13 bikos wi kom distroy di
town. Dia sin and di wiked tins wey dem dey do, don too many. So God
send us kom distroy am."

14 Den Lot go tell di men wey won marry en dotas sey, "Make una kwik-
kwik komot from dis town, bikos God won distroy am!" But dem tink sey
Lot dey lie for dem.

15 For morning, di angel kon tell Lot, “Make una dey go! Lot! Karry yor
wife and shidren komot kwik-kwik, if not, wen God dey judge di town,
dem go distroy una join!”
16 Wen Lot still dey slow, di angels kon drag en, en wife and en shidren
komot di town, bikos God like Lot. Dem drop dem for outside di town.
17 Den one of di angels kon sey, “Make una run! Make nobody look back
and make una nor stop for di valley until una rish di mountin, so dat
nobody go die.”
18 But Lot ansa, “No! Abeg sir, nor let us run dat kind race. 19 Una don
do betta tin for mi and my family as una save awa life. But di mountins
too far, before wi go run rish der, di fire go kill us for road. 20 E get one
small town for der and e nor too far. Abeg, make mi and my family run
go der. If yu look, yu go know sey na small town and wi go dey save for
der.”
21 Di angel kon sey, “Okay, I gri. I nor go distroy dat town. 22 So make
una run go der, bikos I nor go fit do anytin until una rish der.” So na-im
make dem dey koll di town Zoar, bikos Lot koll am, “small place”.

### *God Distroy Sodom And Gomorrah*

23 Sun just dey kom out wen Lot and en family rish Zoar. 24 Den God
send sulfur and fire like rain kom Sodom and Gomorrah 25 kon distroy
dem, plus di valley with all di pipol for der and evritin wey dey grow for
di land. 26 But Lot wife look back and e kon turn to salt.
27 For di next morning, Abraham rush go di place where e for stand for
God present before. 28 E look face Sodom and Gomorrah side and all di
valley, but na only smoke e si wey dey kom out from der. 29 But wen God
distroy di town and valley where Lot dey stay. E keep Abraham for en
mind kon allow Lot run komot di town.

### *Moab And Ammon Pipol*

30 Bikos Lot dey fear to stay for Zoar, en and en dotas kon go di mountins
go hide for one hole. 31 Di senior dota kon tell en sista, “Si! Awa papa don
dey old and e nor get anybody for di whole world wey go marry and sleep
with us, so dat wi go get shidren. 32 So, make wi give awa papa enough
drink and wen e don high, wi go sleep with am, so dat wi go get belle kon
born pikin thru am.” 33 So dat nite, dem kon make dia papa drink well-
well and wen e don high and e nor know wetin e dey do again, di senior
dota kon sleep with am.
34 Di next day, di senior dota kon tell en sista sey, “I sleep with papa
yestiday nite; so make wi gi-am plenty drink today again, so dat yu go
sleep with am.” 35 Dat nite, di girls kon make dia papa drink well-well and
wen e don high and e nor know wetin e dey do again, di junior dota kon
sleep with am. 36 Like dis, Lot kon give en dotas belle.
37 Di senior one born boy and e kon koll am Moab wey bi Moab pipol
papa. 38 Di junior one born boy too and e kon koll am Ben-Ammi and
na-im bi Ammon pipol papa.

## 20

### *Abraham And Abimelek*

1 Abraham travel from der go Negev aria kon stay between Kadesh and
Shur. As Abraham bi strenja for Gerar, 2 e kon tell pipol sey Sarah na en
sista. So Abimelek wey bi king for Gerar kon koll and take Sarah.
3 But for dat nite, God kon appear to Abimelek for dream sey, “Na die
yu won die so, bikos di woman wey yu take so, na somebody wife.”
4 For dis time, Abimelek neva do anytin with Sarah and di king kon ansa
God sey, “I neva do any bad tin! So Yu go just distroy mi and my pipol like
dat? 5 But Abraham tell mi sey na en sista and even di woman still sey
Abraham na en broda. All wetin I do na with betta mind and I neva do
any bad tin.”
6 Den for di dream, God ansa am, “Yes, I know sey wetin yu do na with
betta mind. Dat na di rizin wey make mi nor let yu sin against mi or tosh
di woman. 7 Naw, make yu give di woman back to en husband, bikos true-
true Abraham na profet and e go pray for yu and yu nor go die. But if yu
nor gri give di woman back to en husband, make yu know sey yu must die
with evritin wey yu get, even all yor pipol.”
8 So di next day for early morning, Abimelek kon koll all en savants.
Wen e tell dem evritin wey happen, fear katch all of dem. 9 Di king kon
sey make dem koll Abraham kom. Wen dem koll am kom, di king kon tell
am, “Wetin bi dis wey yu do so? Na wish kind bad tin I do yu, wey yu won
make mi and my kingdom kommit dis kind big sin? Yu don do sometin to
mi wey yu nor suppose do!” 10 Den di king ask Abraham, “Wetin make yu
do like dis sef?”
11 Abraham ansa, “Bikos I feel sey nobody dey wey dey fear God for dis
place and dem fit kill mi if I sey na my wife. 12 Sarah na really my sista,
my papa pikin, but nor bi my mama born am. I marry am 13 wen God take
mi komot from my papa house and I kon tell Sarah sey, ‘Anywhere wi go,
di only tin wey yu go do to show sey yu love mi, na to tell dem sey I bi yor
broda.’ ”
14 Den Abimelek kon give sheep, kattle, man and woman savant to
Abraham. And e still give Sarah back to Abraham en husband. 15 Den
di king sey, “Si, na my land bi all dis place wey yu dey si so, make una
choose anywhere una like to stay.” 16 Di king kon tell Sarah, “Si, I don give
1,000 silva to yor broda, so dat evribody wey dey with yu, go si and know
sey yu nor do any bad tin.”
17 Abraham pray to God and God kon heal King Abimelek, en wife and
en wimen savants, so dat dem go fit get belle born shidren, 18 bikos God
klose dia belle make dem nor fit born, bikos King Abimelek bin kollect
Sarah, wey bi Abraham wife.

# 21

*Dem Born Isaak*

1 God kon visit Sarah just as E sey E go do and E kon do wetin E promise
Sarah. 2 So Sarah get belle and e born boy for Abraham for en old age
for di real time wey God don tell am. 3 Abraham koll di pikin wey Sarah
born, Isaak. 4 Wen di pikin don rish eight days, Abraham sekonsaiz am,
just as God kommand am make e do. 5 (Naw Abraham na hundred years
wen Sarah born Isaak.)
6 Sarah kon sey, “God don make mi laf. Evribody wey hear wetin don
happen, go follow mi laf.” 7 Sarah still sey, “Na who for fit tell Abraham

sey Sarah go ever born pikin? Yet I don born boy for am for en old age!”
8 Di pikin grow kon stop to suck. Abraham do betta party for di day wen
Isaak stop to suck.

### *Hagar And Ishmael*

9 But one day, di pikin wey Hagar, Sarah savant wey kom from Egypt,
born for Abraham kon dey laf Isaak and Sarah kon si dem, 10 so e tell
Abraham, “Make yu porshu dis slave and en pikin, bikos di slave pikin
nor go fit follow my pikin share for di propaty!”

11 Abraham nor like wetin Sarah tok, bikos Ishmael na en pikin too.
12 But God tell Abraham, “Make yu nor vex about di boy or yor slave wife.
Just do evritin wey Sarah dey tell yu, bikos na thru Isaak yor shidren-shidren go plenty.
13 But I go still make di slave pikin big, bikos en too na
yor pikin.”

14 So very early for di next day, Abraham take some food and wota kon
give Hagar. E put di food for Hagar shoulder, gi-am en pikin kon sey make
dem dey go. So dem go kon dey waka anyhow for Beersheba wildaness.
15 Wen di wota don finish, Hagar kon put di pikin under one bush
16 kon go sidan for anoda side wey far from where e put di pikin; bikos e tok for
en mind sey, “I nor go fit dey look am until e die.” So Hagar kon sidan far
from di pikin as e dey kry.

17 But God hear di boy vois. God angel koll Hagar from heaven kon ask
am, “Hagar! Na wetin happen? Make yu nor fear, bikos God don hear di
boy vois from where e for dey kry.
18 So get up! Go help di boy stand make
yu hold am for hand, bikos I go make en shidren-shidren plenty well-well.”

19 Den God kon make Hagar si one well wey get wota. Hagar go fill di
wota bag wey e karry with wota and e kon give di boy wota drink.
20 God dey with di boy as e dey grow. E stay for di wildaness kon turn to who dey
shot bow and arrow.
21 E stay for Paran wildaness. En mama go Egypt go
bring wife kom for am.

### *Abraham Agri With Abimelek*

22 For dat time, King Abimelek and Fikol wey bi kommander for en soja
kon tell Abraham sey, “God dey with yu for evritin wey yu dey do.
23 Naw make yu promise for God present sey yu nor go deceive us, awa shidren
and awa shidren-shidren. Make yu loyal to us for dis kountry where yu
dey stay as strenja, just as wi dey loyal to yu.”

24 Abraham ansa, “I promise.”
25 But Abraham kon tell Abimelek about
di well wey one of en savant seize.

26 Abimelek ansa, “I nor know who do dis tin and yu nor even tell mi. I
neva hear about am until today.”
27 Abraham take some sheep and kattle
kon give King Abimelek and di two of dem kon enter agriment.
28 Den Abraham separate seven iyu lamb from di oda animals
29 and Abimelek
kon as am, “Wetin make yu do like dat?”

30 Abraham ansa, “Yu must take dis seven iyu lamb from mi, so dat
e go show sey I true-true dig dis well.”
31 Dat na why e koll di place
Beersheba, bikos Abraham and Abimelek enter agriment for der.
32 Afta dem don make dis agriment for Beersheba, Abimelek and Fikol kon go
back to Filistia.
33 Den Abraham plant tamarisk tree for Beersheba and

e woship di Oga God wey bi di God forever for der. [34] Abraham stay for
Filistia pipol land tey small.

# 22

*God Test Abraham*

[1] So afta sometaim, God kon test Abraham. God koll am, “Abraham!”
Abraham ansa, “Na mi bi dis!”

[2] God kon sey, “Make yu take yor pikin Isaak, yor only boy wey yu love
and make una dey go Moraya! Den yu go offa am to mi as ofrin for one
mountin wey I go show yu.”

[3] For early morning di next day, Abraham kon get up go ready en donkey.
E take two of en savants follow body plus en pikin, Isaak. Wen e don kut
di wood for di ofrin, e kon bigin go di place wey God tell am. [4] For di third
day, Abraham kon si di place from far. [5] So e kon tell en savants, “Make
una two wait for here with di donkey, but mi and di boy go-go up for der.
Wi go woship God kon kom back.”

[6] Abraham take di wood for di ofrin kon karry am put for en pikin Isaak
head. Den e take di fire and di knife and di two of dem kon waka dey go.
[7] Isaak ask en papa, “My papa?”
Abraham ansa, “My pikin, na wetin?”
Isaak kon sey, “Si di fire and di wood for here, but where di lamb wey
wi go use for di sakrifice?”

[8] Abraham ansa en pikin, “God go provide di lamb wey wi go use for di
ofrin.” Den di two of dem kon waka go.

[9] Wen dem rish di place where God tok about, Abraham kon build altar
for der and e arrange di wood on-top. Den e tie Isaak hand and leg kon
put am on-top di altar. [10] Den Abraham take di knife won kon kill en pikin.
[11] But God angel koll am from heaven, “Abraham! Abraham!”
Abraham ansa, “Si mi for here!”

[12] Di angel kon sey, “Make yu nor do di boy anytin, nor wound am. Naw!
I don know sey yu dey fear God, bikos yu even ready to kill yor only pikin
for mi.”

[13] Abraham look up kon si one ram for en back, wey dey for trap for di
bush. So e go karry di ram kon offa am to Oga God instead of en pikin.
[14] So Abraham koll di place, “Jehovah-Jireh, wey mean (God dey provide).”
And till today dem dey sey, “For God mountin, E go provide evritin.”

[15] God angel koll Abraham again from heaven [16] kon tell am, “God sey,
‘I promise yu with my own name sey, bikos yu don do like dis kon give
mi yor son, yor only pikin, [17] I go really bless yu kon make yor shidren-
shidren plenty well-well and nobody go fit kount dem, just as nobody fit
kount stars for sky or di san-san wey dey near river. Yor shidren-shidren
go take all di tins wey bilong to dia enemies. [18] Bikos yu don obey mi,
evribody go get blessing, bikos I go bless yor shidren-shidren.’ ” [19] Den
Abraham go back go meet en savants and dem kon go back to Beersheba,
where Abraham dey stay.

*Nahor Shidren-shidren*

[20] Afta all dis tins, dem kon tell Abraham sey, “Milka sef don born shidren
for yor broda Nahor [21] and na Uz bi first-born, en brodas na Buz, Kemuel
(Aram papa), [22] Kesed, Hazo, Pildash, Jidlaf and Betuel.” [23] (Naw Betuel

kon bi Rebekah papa.) Dis na di eight shidren wey Milka born for Nahor,
Abraham broda. 24 En savant Reumah still born shidren for am and dia
names na: Tebah, Gaham, Tahash and Maaka.

# 23

*Sarah Die*

1 Sarah stay for one hundred and twenty-seven years. 2 E die for Kiriat-
Arba (wey bi Hebron naw) for Kanaan land. Abraham mourn and kry for
Sarah. 3 Den Abraham get up from where e for dey mourn en wife wey
die kon tell Het pikin dem sey, 4 "Na strenja I bi for una land and I go soon
komot here, so make una give mi land where I go beri my wife put."

5 Het pikin dem ansa Abraham, 6 "Oga, make yu listin to us. Yu bi prince
wey get betta pawa among us! Yu fit beri yor wife for di best land wey
wi get for here. All of us go happy to give yu land make yu beri yor wife
put."

7 Abraham stand up kon bow for Het shidren. 8 Den e tell dem, "If una
gri sey make I beri my wife for here, den make una hear wetin I won tok.
Make una ask Efron, Zohar son 9 if e go sell Makpelah grave wey bi en
own give mi; e dey di end for en field. Make e sell am give mi for evribody
front for di normal prize, so dat I go beri my wife for der and e go kon bi
awa burial groun."

10 (Naw Efron sidan with Hit shidren.) Efron wey bi Hit pesin kon ansa
Abraham for front of Het shidren and evribody wey dey kom thru di town
gate sey, 11 "Okay my oga! I go sell both di field and di grave give yu. For
my pipol front, I sell am give yu. Make yu go beri yor wife for der."

12 Abraham bow again for di pipol 13 kon tell Efron for dia front sey,
"Abeg, make una listin to mi. I go pay yu di prize for di field. Take am
from mi, so dat I go fit go beri my wife for der."

14 Efron ansa Abraham, 15 "My oga, di land na 400 silva, but dat one nor
mean anytin at-all. So go beri yor wife for der."

16 Abraham agri with Efron prize, e give di money to am kon dey tok
make evribody for hear am, "Dis na 400 silva, just as dem dey measure
am dat time." 17 So Abraham kon buy Efron field for Makpelah, wey dey
near Mamre, plus di field, di grave and all di land wey dey near am 18 and
all dem kon bi en propaty. So Het shidren and evribody wey dey enter
di gate for Efron town kon bi en witness. 19 Afta evritin, Abraham beri
Sarah en wife for di grave wey dey Makpelah field near Mamre (wey bi
Hebron naw) for Kanaan land. 20 Abraham buy di field and di grave from
Het shidren as where dem go dey beri pipol put.

# 24

*Isaak Wife*

1 Abraham don old well-well and God don bless am for evritin. 2 One
day, Abraham tell en savant wey old pass, di one wey dey guide di house
sey, "Make yu put yor hand under my lap. 3 Den promise with di Oga God
name, di God for heaven and eart sey yu nor go allow my pikin marry one
for doz local Kanaan wimen. 4 Instead, make yu go my village go meet my
relashon kon find wife among dem for my pikin Isaak."

5 Di savant ask, "But wetin I go do if di woman nor gri follow mi kom
back to dis far land? Make I take yor pikin go back to di land wey yu from
kom?"

6 Abraham ansa, "Make yu nor take my pikin go back to dat land! 7 Oga
wey bi di God for heaven wey take mi komot from my papa house and di
land wey my pipol dey, naim promise mi wen E promise sey, 'I go give dis
land to yor shidren-shidren.' So God go send en angel go for yor front, so
dat yu go si one good wife for der kon bring kom give my pikin. 8 But if di
woman nor won follow yu kom back, dis swear nor go do yu anytin. But
make yu nor take my pikin go back to dat land!"

9 So di savant put en hand under en oga Abraham lap kon promise sey
e go do as Abraham tok. 10 Den di savant take ten kamel from en oga own
kon go with difren gifts from en oga, just as e wont. E travel go Aram
Naharaim aria for Nahor town. 11 E make di kamel knee down near di
well wey dey outside di town. Dat na evening time wen di wimen dey
kom fetch wota.

12 E kon pray, "My Oga God, wey bi my masta Abraham God, make Yu
guide mi today. Make Yu dey good to my oga Abraham. 13 I stand near dis
well and di pipol wey dey stay dis town, dia dotas go kom fetch wota. 14 I
go tell one among dem sey, 'Abeg make yu give mi wota drink.' Den make
di one wey Yu don choose for yor savant Isaak ansa, 'Make yu drink and
I go give yor kamel make dem drink too.' Like dis, I go know sey Yu dey
good to my oga."

15 Before e pray finish, Rebekah kon dey kom with en wota pot for
en shoulder. E bi Betuel pikin and en grand-mama na Milka (Milka na
Abraham broda wife, Nahor). 16 Di girl fine well-well. E neva sleep with
anybody for en life. Rebekah go di well, fetch wota put for en pot kon dey
kom back. 17 Den Abraham savant run go meet am kon sey, "Abeg make
yu give mi small wota drink from yor pot."

18 Rebekah ansa, "My oga, make yu drink," den di girl kwik-kwik karry
en pot put for en hand kon gi-am wota drink. 19 Wen di girl don do like so,
e kon sey, "I go fetch wota for yor kamel until dem don drink beleful too."
20 So di girl kon pour all di wota wey dey en pot inside where di kamels
go for drink, den e run go back go fetch more wota until all di kamel don
drink beleful. 21 Di man just kwayet dey look am just to know if God don
make en travel get head or not. 22 Afta di kamels don drink finish, di man
bring one gold ring wey dem dey put for nose and two gold shain for waist
kon gi-am to di girl.

23 Den e ask di girl, "Na wish pesin pikin yu bi?" Abeg make yu tell mi,
"Yor papa go get any empty room for mi wey I fit sleep put dis nite?"

24 Rebekah ansa, "I bi Betuel pikin and na Milka and Nahor born Betuel.
25 Yes, wi get plenty food for yor kamel and wi get room for strenjas."

26 Di savant kon bow for groun woship God. 27 E kon sey, "Make praiz bi
God own, my oga Abraham God, bikos Yu don show mi yor love wey nor
dey fail and as Yu dey good to my oga family."

28 Di girl kon run go house go tell en family evritin wey happen. 29 Naw,
Rebekah get one broda wey en name na Laban and e run go meet di man
for di well. 30 Wen e si di shain for en sista hand and di ring for en nose
kon hear wetin en sista tok wen e sey, "Dis na wetin di man tok", e run
go meet di man for where e for still stand near en kamels. Laban kon tell

am, 31 "Make yu kom stay with us, bikos God don bless yu! Wetin make
yu stand for outside di town wen I get room for yu and I go fit prepare
somewhere for yor kamels?"

32 So di man follow Laban go house and Laban pak all di load komot di
kamel back kon klean, feed and give di man and di kamel drivers wota
make dem take wosh dia legs. 33 Wen dem serve food for dem, e kon sey,
"I nor go chop until I don tok wetin I won tok."

Laban ask am, "Wetin yu won tok."

34 E kon sey, "I bi Abraham savant. 35 God don really bless my oga and e
get evritin wey e wont. Oga God don gi-am sheep, kattle, gold, silva, man
and woman savants, kamel and donkey. 36 My oga wife Sarah born only
one pikin for am wen dem don old and my oga don give di pikin evritin
wey e get. 37 My oga make mi swear wen e sey, 'For here wey I dey stay,
yu nor go marry any Kanaan woman give my pikin Isaak, 38 but make yu
go my family house go find wife for my pikin.'

39 "But I tell my oga sey, 'Wot of if di woman sey e nor go follow mi
kom?' 40 E kon ansa mi, 'God wey I dey serve, go send en angel follow yu
go. E go make yor journey well and yu go si wife for my pikin from among
my papa family. 41 Yu go dey free from di swear if yu go meet my family
and dem nor gri give di girl to yu. True-true, yu go dey free.'

42 "Wen I rish di well today, I kon pray sey, 'My Oga wey bi my oga
Abraham God, if Yu know sey Yu go make my journey well, make evritin
happen as dem suppose bi.' 43 As I stand near di well so. Wen di rite girl
go kom fetch wota, I go tell am, 'Make yu give mi wota from yor pot make
I drink.' 44 Den di girl go ansa, 'Make yu drink and I go fetch give yor
kamels too.' Den na dat girl go bi di one wey di Oga God don choose for
my oga pikin.

45 "Before I pray finish inside my heart, I kon si Rebekah dey kom fetch
wota with en wota pot for en shoulder. So I tell am, 'Make yu give mi
wota drink.' 46 E kon kwik-kwik put en pot down from en shoulder kon
sey, 'Make yu drink and I go give yor kamels wota too.' So I drink and e
kon give my kamel dem drink too. 47 Den I ask am, 'Na wish pesin pikin
yu bi?' Di girl ansa, 'I bi Betuel wey en papa na Nahor and na Milka born
Betuel for Nabor.' So, I kon put di ring for en nose and di shain for en
hand.

48 "Den I bow woship God wey bi my oga Abraham God, bikos na-im
lead mi for di korrect way, so dat I go meet my oga Abraham broda Nahor
grand-pikin. 49 Naw, if una go show sey una dey good to my oga, make una
tell mi. But if una nor gri, make una still tell mi too, so dat I go-go back."

50 Den Laban and Betuel ansa, "Dis na as God wont am. Wetin wi wont
nor mean anytin. 51 Na Rebekah stand so for yor front. Make yu take am
dey go, so dat e go bi yor oga Abraham pikin wife, just as God don tok
am."

52 Wen Abraham savant hear wetin dem tok, e bow face groun kon
woship God. 53 Den e bring gold, silva, klot and oda tins kon give dem
to Rebekah. E still give some betta gifts to Rebekah broda and mama.
54 Afta, en and di men wey dey with am kon chop and dem stay der dat
nite till day break. Wen dem wake-up di next morning, Abraham savant
kon sey, "Make I dey go naw go meet my oga."

55 But Rebekah broda and mama kon ansa, "Make di girl still stay with
us for like ten days, den e fit kom meet una."
56 But di savant tell dem, "Make una nor keep mi, God don make my
journey get head. Make una let mi go meet my oga naw."
57 Den dem sey, "Make wi hear from di girl mout." 58 So dem koll
Rebekah kon ask am, "Yu wont follow dis man go?"
E ansa, "Yes! I go follow am."
59 So dem kon give dia sista Rebekah to di man, but some savant follow
am, with Abraham savant and en men. 60 Dem bless Rebekah kon sey:
"Awa sista, yu go bi
mama to tazon-tazon pipol!
Yor shidren-shidren pawa go strong
pass dia enemies own."
61 Den Rebekah and en wimen savant klimb di kamel kon follow Abraham
savant. So Abraham savant take Rebekah go.
62 Naw, Isaak kom from Beer Lahai Roi, bikos e dey stay for Negev. 63 As
evening dey rish, Isaak kon go di field go relax. Den e look kon si sey some
kamel dey kom. 64 Wen Rebekah look, e kon si Isaak. E kom down from
en kamel 65 kon ask Abraham savant, "Na who bi dat man for di field wey
dey waka kom meet us?"
Di savant ansa, "Na my oga bi dat." So di girl take en klot kon kover
ensef well. 66 Di savant tell Isaak evritin wey happen.
67 Den Isaak take Rebekah enter en mama room. E take am as en wife
kon love am. So, Rebekah make Isaak mind rest, afta en mama don die.

# 25

### *Abraham Oda Shidren*

1 Abraham kon marry anoda wife and di woman name na Keturah. 2 Di
woman kon born Zimran, Jokshan, Medan, Midian, Ishbak and Shuah.
3 Jokshan kon bi Sheba and Dedan papa. Den di shidren wey Dedan born
na Asshur, Letush and Leumm. 4 Midian sons na Efah, Efer, Hanok, Abidan
and Eldaah. All dis na Keturah shidren-shidren.
5 Evritin wey Abraham get, e gi-am to en pikin Isaak. 6 But wen Abraham
still dey alive, e give gift to di shidren wey en oda wifes born for am kon
send dem go east, so dat dem go dey fast and nor disturb Isaak.

### *Abraham Die*

7 Abraham stay for one hundred and seventy-five years. 8 Den Abraham
die for betta old age. E really old and live betta life. E die go join en grand-
grand papa dem. 9 En pikin Isaak and Ishmael kon beri am for Makpelah
grave near Mamre, for Efron field and dis Efron na Zohar wey kom from
Hit, pikin. 10 Dis na di field wey Abraham buy from Het shidren. So dem
beri Abraham and en wife Sarah for der. 11 Afta Abraham don die, God
kon bless en pikin Isaak. Isaak dey stay near Beer Lahai Roi.

### *Ishmael sons*

12 Dis na di story about di pikin Ishmael wey Hagar di woman wey kom
from Egypt; Sarah savant born give Abraham. 13 Dis na Ishmael pikin
names akordin to as dem write am: Nebaiot (Ishmael first-born), Kedar,
Adbeel, Mibsam, 14 Mishma, Dumah, Massa, 15 Hadad, Tema, Jetur, Nafish
and Kedemah. 16 Dis na Ishmael pikin and dis na dia names for where

dem stay and kamp put, bikos dem bi twelf prince, akordin to dia family.
17 Ishmael stay for 137 years. E die kon go join en grand-grand papa. 18 E
shidren-shidren kon stay for Havilah go rish Shur wey pass Egypt go rish
Asshur. Dem nor stay near dia relashon at-all.

### *Jakob And Esau*

19 Dis na di story about Abraham pikin Isaak. Abraham na Isaak papa.
20 Wen Isaak na forty years, e kon marry Rebekah wey bi Betuel, di
Aramean pikin and dis Betuel kom from Paddan Aram. Rebekah broda
na Laban di Aramean. 21 Isaak pray to Oga God for en wife, bikos e neva
born. God ansa en pray and en wife Rebekah kon get belle. 22 But di
shidren kon dey struggol inside am, so di woman kon sey, "If na so e go
bi, I nor sure sey I like get belle!"

So di woman ask God 23 and Oga God kon tell am, "Na two nashons dey
yor belle and two pipol go kom out from inside yu. One go dey strong pass
di oda one and di senior one, go serve di yonga one."

24 Wen di time don rish for Rebekah to born, na two pikin dey en belle.
25 Di first one kom out, evriwhere for en body red and hair full am, so dem
kon koll am Esau. 26 Wen en broda kom out, e hold Esau leg, so dem kon
koll am Jakob. Isaak na sixty years wen Rebekah born dem.

### *Esau Sell En Birt-rite*

27 Wen di boys don big, Esau kon sabi katch animals; e sabi di work
well-well, but Jakob na kwayet man wey dey stay house. 28 Isaak love
Esau, bikos e like fresh bush meat, but Rebekah love Jakob.

29 One day, Jakob kook some stew and wen Esau kom back from di bush,
e kon dey hongry. 30 So Esau tell Jakob, "Make yu give mi some stew make
I chop, bikos hongry dey kill mi!" (Dat na di resin why dem dey still koll
am, Edom.)

31 But Jakob ansa, "Make yu first gri sey na mi bi senior."

32 Esau kon sey, "Si, na die I dey so! Dis senior tin nor even dey yuzful
to mi!"

33 But Jakob sey, "Make yu first swear about am." So Esau swear kon
give di senior pozishon to Jakob. 34 Den Jakob give Esau some bread and
stew; Esau chop kon drink wota den e get up waka komot der. Na so Esau
take sell en rite as senior give Jakob.

# 26

### *Isaak Stay Gerar*

1 Honga kon dey di land, just as e happen for Abraham time. So Isaak
kon go Gerar where Abimelek wey bi Filistia pipol king dey stay. 2 God
appear to Isaak kon tell am, "Make yu nor go Egypt; but make yu stay for
di land wey I go show yu. 3 Stay for dis land. Den I go dey with yu kon
bless yu, bikos I go give all dis land to yu and yor shidren-shidren. I go do
wetin I promise yor papa Abraham. 4 I go make yor shidren plenty like di
stars wey dey di sky and I go give dem all dis land. I go bless all di nashon
for di world with yor shidren-shidren name. 5 All dis tins go happen, bikos
Abraham obey mi kon keep all my words; my kommand, my rules and my
laws." 6 So Isaak kon stay for Gerar. 7 Wen di men for di place ask am
about en wife, e kon tell dem sey, "Na my sista." Fear nor fit let am sey,
"Na my wife," bikos e tink for en mind sey, "If I sey na my wife, di men for

dis place go kill mi make dem for fit get Rebekah, bikos e too fine.” 8 Afta
Isaak don stay der tey, Abimelek wey bi Filistia pipol king kon look from
window and e si Isaak dey play with en wife Rebekah.
9 So Abimelek koll Isaak kon sey, “Dis woman na yor wife! Wetin make
yu sey, ‘Na my sista e bi?’ ”

Isaak ansa, “Na bikos I tink sey somebody fit kill mi just to get am.”

10 Den di king sey, “Wetin make yu do us like dis? Wot of if one of my
men kon go sleep with yor wife? Den yu for don make us sin!” 11 So
Abimelek kommand all en pipol sey, “Anybody wey tosh dis man or en
wife, must die.”

12 Isaak harvest plenty well-well and e rish hundred times of wetin e
plant dat same year, bikos God don bless am. 13 Isaak kon rish well-well.
E dey prosper more-more until evribody know am. 14 E get many sheep
and kattle and en savant many well-well, so Filistia pipol kon dey jealous
am. 15 So Filistia pipol karry san-san kon kover all di well wey Isaak papa
savants, dig for di time wey Abraham dey der.

16 Den Abimelek kon tell Isaak, “Make yu komot from here go anoda
place, bikos di pawa wey yu get, don strong pass awa own.”

17 So Isaak komot der kon go stay for Gerar Valley. 18 Isaak kon open di
well again wey en papa Abraham dig wey Filistia pipol kover afta Abraham
don die. Isaak give dis well di same name wey en papa gi-am before.
19 Wen Isaak savant dig for di valley kon si well wey get fresh wota, 20 di
men for Gerar kworel with Isaak men kon dey sey, “Na wi get di wota!”
So Isaak koll di well Esek, bikos dem follow am drag am.

21 En savants dig anoda well, but dem still follow am drag am too, so
Isaak koll di well, Sitnah. 22 Den e komot from der kon go dig anoda well.
Nobody follow am kworel for dis one, so Isaak kon koll am Rehobot dey
sey, “Naw Oga God don make room for us and wi go prosper for dis land.”
23 From der, Isaak kon go Beersheba. 24 God appear to am dat nite kon
sey, “Na mi bi yor papa Abraham God. Make yu nor fear, bikos I dey with
yu. Bikos of my savant Abraham, I go bless yu kon make yor shidren-
shidren plenty.” 25 Den Isaak build one altar for der kon woship God. E
put en tent for der and en savant kon dig anoda well.

### *Isaak Agri With Abimelek*

26 Naw, King Abimelek don kom visit am from Gerar with en friend
Ahuzzat and Fikol wey bi di sojas oga. 27 Isaak kon ask dem, “Wetin make
una kom meet mi? Nor bi bikos una hate mi, naim make una porshu mi?”
28 Dem ansa, “E klear sey God dey with yu. So wi kon sey, make peace
dey between us: dat is between wi and yu. Make yu allow us make peace
with yu, 29 so dat yu nor go ponish us, just as wi nor ponish yu, but wi dey
always trit yu well, before wi even porshu yu with peace. Naw God don
bless yu.”

30 So Isaak do party for dem kon celebrate. 31 Very early for di next
morning, Isaak and King Abimelek kon make peace with each oda. Isaak
kon escort dem and dem kon komot without wahala. 32 Dat day, Isaak
savant kon tell Isaak about di well wey dem dig sey, “Wi don si wota.”
33 So Isaak koll di well Shibah; dat na why dem dey koll di town till today,
Beersheba.

### *Esau And En Strenj Wifes*

34 Wen Esau don rish forty years, e kon marry Judit wey bi Beeri pikin
and Beeri kom from Hit. E still marry Basemat wey bi Elon wey Het pikin
born. 35 Di matter nor kon make Isaak and Rebekah, happy.

# 27

### *Jakob Kollect Esau Blessing*

1 Wen Isaak don old well-well and e nor dey si well again, e koll en senior
pikin Esau kon tell am, "My pikin!"
Esau ansa, "Papa, na mi bi dis!"
2 Isaak tell am, "Since I don old, I fit die anytime. 3 So make yu take yor
weapons go katch animal kom for mi. 4 Make yu prepare betta food for
mi, di kind one wey yu know sey I love, den bring am kom meet mi. Den
I go chop kon bless yu before I die."
5 As Isaak dey tok to Esau, Rebekah dey one korna dey listin. Wen Esau
don go katch di animal, 6 Rebekah kon tell en pikin Jakob, "Si, I hear wen
yor papa dey tell yor broda Esau sey, 7 'Make yu go katch animal for mi
kon kook dem make I chop, den I go bless yu for Oga God present, before
I go die.' 8 Naw, my pikin, make yu do as I tell yu! 9 Go where di animals
dey kon kill one of di goats. I go prepare dem make e sweet well-well as
yor papa dey like am. 10 Den yu go take am go give yor papa. E go chop
am kon bless yu before e die."
11 But Jakob kon tell en mama, "My broda Esau get hair full body and
my skin smooth! 12 My papa fit tosh mi! Den e go tink sey I dey fool am
and e go curse mi instead of am to bless mi."
13 So en mama tell am, "My Pikin! Any curse wey dem curse yu, I go use
my head karry am! Make yu just obey mi! Just go get dem for mi!"
14 So Jakob take di goat go give en mama. Di woman kon kook some
sweet food, just as Isaak dey like am. 15 Den Rebekah take en senior pikin,
Esau best klot wey e get for house kon wear am for Jakob. 16 E put di goat
skin for en hand and di part wey smooth for en neck. 17 Den di woman
karry di food wey e make, give Jakob. 18 Jakob go meet en papa kon sey,
"My papa!"
Isaak ansa, "Na mi bi dis. Wish of my pikin dey tok?"
19 Jakob ansa en papa, "Na mi Esau, yor first pikin. I don do as yu tell
mi. Naw sidan make yu chop, so dat yu go bless mi."
20 But Isaak ask en pikin, "Na how yu take kill di animal just naw just
naw?"
Jakob ansa, "Na di Oga yor God help mi."
21 Den Isaak tell Jakob, "My pikin, make yu kom near mi, so dat I go fit
tosh yu kon know if yu really bi Esau." 22 So Jakob waka go near en papa
Isaak and Isaak tosh am kon sey, "Di vois bi like Jakob own, but di hand bi
like Esau own." 23 E nor know Jakob bikos hair full en hand like en broda
Esau own. So Isaak bless Jakob. 24 Den e ask am, "Yu sure sey na yu bi
Esau?"
Jakob ansa, "Na mi na!"
25 Isaak kon tell am, "My pikin, make yu bring some for di bush meat
make I chop. Den I go bless yu wen I chop finish." So Jakob take some for
di bush meat go give en papa and Isaak chop am. E still gi-am wine drink

too. 26 Den en papa Isaak kon tell am, “My pikin, make yu kom here kon
kiss mi.”
27 So Jakob waka go kiss am. Wen Isaak feel as en klot dey smell, e kon
bless am sey,

“Yes, my pikin dey smell
like sey e dey inside bush
wey God don bless.
28 Make God give yu di dew from di sky
and di good tins wey dey di eart,
plus many korn and wine.
29 Pipol go serve yu
and nashons go bow to yu.
Na yu go bi oga ova yor broda
and yor mama shidren go bow for yu.
Anybody wey curse yu, curse go dey en head
and blessing go follow doz wey bless yu.”

### *Esau Beg En Papa*

30 As Isaak just bless Jakob finish and as Jakob dey waka leave am, en
broda Esau just dey kom back. 31 Esau too prepare sweet food won go give
en papa. Esau kon tell en papa. “My papa, get up make yu chop some
bush meat wey yor pikin kook, so dat yu go bless mi.”

32 En papa Isaak ask am, “Na who yu bi?”

Esau ansa, “Na mi bi yor first-born, Esau!”

33 Isaak kon dey shake well-well, so e ask, “Den na who kon give mi bush
meat chop? I chop evritin before yu kom and I bless di pesin. And blessing
go really follow am!”

34 Wen Esau hear wetin e papa tok, e shaut kon dey kry well-well. E kon
tell en papa, “Papa, make yu bless mi too!”

35 But Isaak ansa, “Yor broda Jakob don kon deceive mi kollect yor
blessings.”

36 Esau still sey, “En name really na Jakob! E don kollect two tins for
my hand naw! E first kollect my rite as senior and naw si, e don take my
blessing!” Den e ask en papa, “Yu nor keep any blessing for mi?”

37 Isaak ansa, “Si! I don make am oga ova yu. I don make evribody wey
rilate to am to bi en savant kon bless am with many korn and wine. Wetin
dey naw wey I go fit do for yu, my pikin?”

38 Esau kon tell en papa, “My Papa, so yu nor get only one blessing for
mi? Abeg make yu bless mi too!” Den Esau kon dey kry well-well.

39 So en papa Isaak kon tell am,

“True-true, where yu dey
nor go get di good wey di land dey give
and di dew for di sky nor go fall for yor place.
40 Na so-so swod yu go take dey fight
and yu go serve yor broda.
But wen e don taya yu,
den yu go free yorsef from all dis tins.”

41 So Esau kon hate Jakob, bikos of en blessing wey en papa give en
broda. Esau kon tell ensef sey, “Di time to mourn for my papa don near,
den I go kill my broda Jakob!”

42 Wen Rebekah hear wetin en senior pikin, Esau tok, e koll en yonga
pikin Jakob kon tell am, “Si, yor broda Esau dey try to revensh, so e don

sey e go kill yu. 43 Naw, my pikin make yu do wetin I tok. Run naw-naw
go meet my broda, Laban for Haran. 44 Make yu stay with am small, until
yor broda Esau nor dey vex for yu again. 45 Make yu stay der until Esau
nor dey vex and e don forget evritin wey yu do am. Den I go send pesin
make dem bring yu kom back. I nor fit luz di two of una for di same day."

### *Jakob Go Meet Laban*

46 Den Rebekah tell Isaak, "I nor dey happy bikos of dis Het dotas. E
betta make I die, instead of Jakob to marry one among dis Het dotas wey
dey dis land!"

## 28

1 So Isaak koll Jakob kon bless am. Den e kommand am sey, "Make yu
nor marry any Kanaan woman! 2 Make yu dey go Paddan Aram naw-
naw! Make yu go Betuel house wey bi yor mama papa kon find wife for
der among yor mama broda Laban dotas. 3 God wey get pawa well-well
go always bless yu! E go make yu dey fruitful kon give yu plenty shidren!
Den yu go bi very big nashon. 4 E go give yu and yor shidren-shidren di
blessing wey E give Abraham, so dat una go take di land wey God give
Abraham; di land wey yu just dey stay as strenjas."
5 So Isaak send Jakob go and e go Paddan Aram go meet Betuel pikin
Laban, di Aramean wey bi en mama Rebekah, broda.

### *Esau Marry Again*

6 Esau si sey Isaak don bless Jakob kon send am go Paddan Aram, so
dat e go get wife for der. As Isaak dey bless am, e kommand am, "Make
yu nor marry Kanaan woman." 7 Jakob obey en papa and mama kon go
Paddan Aram. 8 Na den Esau kon know sey en papa nor like di wimen
from Kanaan. 9 So Esau go Ishmael kon marry Mahalat wey bi Nebaiot
sista and na Ishmael, Abraham pikin born am. E marry dis one join di
wifes wey e get before.

### *Jakob Dream*

10 But Jakob komot Beersheba kon go Haran. 11 E rish one place where
e stay small, bikos evening don dey rish. E take one among di stones kon
put am near en head. Den sleep kon katch am for dat place 12 and e kon
dream. E si one strait road wey from eart go rish heaven and God angels
dey waka up-and-down for di road, 13 den Oga God stand for di top.
God kon sey, "Na mi bi di Oga God, yor grand-papa Abraham and yor
papa Isaak God. Dis groun wey yu sleep put so, I go gi-am to yu and yor
shidren-shidren. 14 Yor shidren-shidren go plenty like san-san for groun
and dem go skata go west, east, nort and sout. I go bless all di family for di
world with yu and shidren-shidren name. 15 I go dey with yu! I go guide
yu for anywhere wey yu dey go kon bring yu kom back to dis land. I nor
go leave yu until I don do wetin I promise yu!"
16 Den Jakob wake-up kon sey, "True-true, God dey dis place and I nor
know!" 17 Bikos e dey fear, e kon sey, "Wish kind wonderful place bi dis!
Dis nor bi any oda place, but na God house! Dis na heaven gate!" 18 Very
early for di next morning, Jakob take di stone wey e put near en head kon
keep am as holy stone. Den e pour oil on-top am. 19 E koll di place Bethel,
even doh di name before na Luz.

[20] Den Jakob promise sey, "If God dey with mi kon guide mi thru dis
journey wey I dey do so and E give mi food make I chop with klot to wear
[21] and I go back to my papa house sey nor-tin do mi, den di Oga God go
bi my God. [22] Den dis stone wey I dey keep der as holy stone, go bi God
house and I go make sure sey I give Yu back one out of evry ten tin wey
Yu give mi."

# 29

### *Jakob Marriage*

[1] So Jakob kon dey travel until e rish di land where pipol dey for east.
[2] For di field, e si one well and three sheep liedan near di well, bikos di
sheep dey drink wota from di well. [3] Wen all di sheep don gada for der,
di pesin wey dey guide dem go roll di stone komot from di well mout for
di sheep to drink wota. Den, afta dem don drink finish e go put di stone
back for di well mout. [4] Jakob kon ask am, "My brodas, where una from
kom?"

Dem ansa, "Na from Haran."

[5] So Jakob tell dem, "Una know Laban wey bi Nahor grand-pikin?"

Dem ansa, "Wi know am."

[6] Jakob kon ask, "E dey okay."

Dem ansa, "Yes! E dey okay. Naw, si en dota Rashel dey kom with di sheep."

[7] Den Jakob sey, "Since na still aftanoon, e neva rish time to gada di sheep. Make yu give di sheep wota kon let dem still go chop."

[8] Dem kon ansa, "Wi nor fit. Na only wen di sheep dey togeda and wi don roll di stone komot for di mout, dat na di only time wey wi fit give dem wota drink or wosh dem."

[9] As e still dey tok to dem, Rashel rish der with en papa sheep, bikos na
en dey guide dem. [10] Wen Jakob si Rashel wey bi en mama broda Laban
dota and di sheep, e kon waka go remove di stone for di well mout kon give
en mama broda sheep wota make dem drink. [11] Den Jakob kiss Rashel kon
dey kry. [12] Wen Jakob tell Rashel sey e rilate to en family and na Rebekah,
Laban sista bi en mama, Rashel run go tell en papa.

[13] Wen Laban hear wetin en pikin tok about Jakob, wey bi en sista pikin,
e kon run go meet am. E hold am tight kon kiss am, den e karry am go
house. Jakob tell Laban how e take rilate to am. [14] Den Laban tell am, "Yu
really bi my own flesh and blood." So Jakob stay with Laban for one mont.

### *Jakob Serve Laban*

[15] Den Laban tell Jakob, "Yu won work for mi for nor-tin bikos yu rilate to mi? Make yu tell mi wetin yu wont make I take pay yu."

[16] (Laban get two girl pikin; di senior one name na Leah and di yonga
one na Rashel. [17] Leah eyes fine well-well, but Rashel get betta body with
fine shape.) [18] Since Jakob don love Rashel well-well, e kon sey, "I go serve
yu for seven years, so dat I go fit marry yor yonga dota, Rashel."

[19] Laban ansa, "E betta make I gi-am to yu dan any oda man. Make yu stay with mi."

[20] So Jakob work for seven years to marry Rashel. But di seven years
bi like seven days for en eye, bikos di way e love Rashel, strong well-well.
[21] So Jakob kon tell Laban, "Make yu give mi my wife make I marry, bikos
di seven years don komplete."

22 So Laban invite all di pipol for dat place kon do party. 23 For dat
evening, e bring en dota, Leah kon give Jakob and Jakob kon marry am.
24 (Laban give en savant Zilpah to Leah, so dat e go bi Leah savant.)
25 For morning, Jakob kon find out sey na Leah e sleep with! So Jakob
tell Laban, “Wetin yu do mi so! Nor bi bikos of Rashel make mi work for
yu? Wetin make yu deceive mi?”
26 Laban ansa, “Awa tradishon for here nor dey gri make di yonga sista
first en senior sista marry. 27 Make yu do evry normal tin wey yu suppose
do for di senior one, den I go give yu di yonga one, afta yu don work for
mi for anoda seven years.”
28 Jakob kon do as Laban tok. Wen Jakob don do all di tins wey e suppose
do, Laban kon gi-am en sekond pikin, Rashel. 29 (Laban give en savant
Bilhah to Rashel, so dat e go bi en savant.) 30 Jakob kon sleep with Rashel
too. E love Rashel pass Leah, so e work for Laban for anoda seven years.

### *Jakob Family*

31 Wen God si sey Jakob nor love Leah like dat, E kon make am get belle,
while Rashel nor fit born. 32 So Leah get belle kon born boy. E name am
Reuben kon sey, “God don sorry for mi, bikos of my kondishon. True-true,
my husband go love mi naw.” 33 Leah get belle again kon born anoda boy.
E kon sey, “Bikos God hear sey my husband nor love mi, E don give mi dis
one too.” So Leah kon koll am Simeon. 34 Leah get belle again and e born
anoda boy. E kon sey, “Naw dis time, my husband go love mi, bikos I don
born three boy pikin.” Dat na why e koll am Levi. 35 Leah still get belle
again and e born anoda boy. E kon sey, “Dis time I go praiz God.” Dat na
why e koll am Judah. Den Leah nor kon born again.

# 30

1 Wen Rashel si sey e nor fit born shidren for en husband, e kon dey
jealous Leah, en sista. Den e tell Jakob, “Make yu give mi shidren or I go
die!”
2 Jakob kon dey vex with Rashel so e sey, “Na mi bi God wey neva give
yu pikin?”
3 Rashel ansa, “I wont make yu sleep with my savant Bilhah, so dat e go
born shidren for mi and I go kon get my own family thru am.” 4 So Rashel
give en savant Bilhah to Jakob and Jakob kon sleep with am. 5 Bilhah get
belle kon born boy pikin for Jakob. 6 Den Rashel sey, “God don save mi.
E don ansa my prayers kon give mi boy pikin.” Dat na why Rashel koll di
pikin Dan. 7 Rashel savant Bilhah kon get belle again for Jakob and e still
born boy. 8 Den Rashel sey, “I don really fight betta fight with Leah, my
sista and I don win.” So e koll di pikin Naftali.
9 Wen Leah si sey e nor fit born again, e kon give en savant Zilpah to
Jakob. 10 E nor too tey before Leah savant Zilpah born boy for Jakob.
11 Leah kon sey, “E good well-well!” So e koll di pikin Gad. 12 Den Leah
savant Zilpah born anoda pikin for Jakob. 13 Leah kon sey, “My belle dey
sweet mi, bikos wimen go dey happy well-well, bikos of mi!” So e koll di
pikin Asher.
14 So wen dem dey do di wheat feast, Reuben komot kon si some
mandrake plants for di field, den e bring dem kon give en mama Leah.
Rashel kon tell en sista Leah, “Make yu give mi some for di plant wey yor

pikin bring." 15 But Leah ansa, "So my husband wey yu take neva do yu?
Yu won still take my pikin mandrake too?"

Rashel ansa, "Okay, make yu give mi some mandrake and e go sleep with yu dis nite."

16 Wen Jakob kom back from di field dat evening, Leah go meet am kon
sey, "Yu must sleep with mi today o-o, bikos I don pay to get yu with
my pikin mandrake." So Jakob sleep with am dat nite. 17 God hear Leah
prayer; so e kon get belle and e born anoda boy for Jakob for di fift time.
18 Den Leah sey, "God don give mi my reward, bikos I give my savant to
my husband make e sleep with am." So e koll am Issakar. 19 Leah get belle
again and e born di nomba six boy. 20 Den Leah sey, "God don give mi
betta gift. Naw, my husband go honor mi, bikos I don born six boys for
am." So e kon am Zebulun. 21 Afta, Leah born one girl kon koll am Dinah.
22 Den God sorry for Rashel. E hear en prayer kon make am get belle.
23 Rashel get belle kon born boy. Den Rashel sey, "God don take my shame
komot." 24 E kon koll am Josef wey mean, "Make God give mi anoda boy
pikin."

### *Jakob Animals*

25 Afta Rashel don born Josef, Jakob kon tell Laban, "Make yu let mi go
house go meet my own pipol for my own kountry. 26 Make I take my wifes
and my shidren follow body, bikos I don work for yu."
27 But Laban sey, "If really sey I dey good to yu, den yu go stay with mi,
bikos my spirit tell mi sey, God bless mi, bikos of yu." 28 Laban still tell
Jakob, "Make yu just tell mi wetin I go pay and I go pay yu."
29 Jakob ansa, "Yu know as I don work for yu and how I don kare for
yor animals. 30 True-true, dem nor many wen I kom, but naw, wetin yu
get don plenty well-well. God don bless yu for evriwhere wey I for work
for yu. But naw, how long e go take before I go do sometin for my own
family?"
31 So Laban ask, "Wetin yu wont make I give yu?"
Jakob ansa, "Yu nor nid to give mi anytin, but if yu gri with dis one tin, I
go kontinue to kare and guide yor animals: 32 Make yu let mi waka round
all yor animal kon komot di ones wey get spot or mark or wey black. Dis
animals go bi my pay. 33 Den my good go tok for mi leta, wen yu go si sey
na only di ones wey yu give mi I take. If yu si any animal wey nor get
mark, or spot or black, den make yu koll mi tif."
34 Laban kon sey, "I gri! Make e bi as yu tok." 35 So dat day, Laban
komot all di animals wey get white spot, mark or wey black kon sey make
en pikin kare for dem. 36 Den e separate dem from Jakob own with three
days journey and Jakob kon dey kare for di oda animals.
37 But Jakob take fresh branches wey dem just kut from poplar, almond
and plane tree kon peel dem until e si di white wood for inside. 38 Den e
put di tree wood for di wota where di animals for dey drink. E put dem
for di animals front wen dem dey chop and dem kon drink di wota. 39 Den
wen di sheep dem sleep togeda for di branches front, dem kon dey born
pikin wey get mark, spot and black. 40 Jakob kon separate doz animal from
Laban own. Den wen di animals won sleep with each oda again, e kon turn
dem face Laban own wey nor get spot and black. So e kon get animal for
ensef and e nor mix dem with Laban own. 41 Wen di strong animals wey

bi woman won sleep with man animal, Jakob go put di branches for wota,
so dat dem go sleep togeda near di branches. 42 But if di animals dey weak,
e nor go put di branches for dia front. Like dis, na Laban kon get all di
weak animals and Jakob kon get di ones wey dey strong. 43 Like dis, Jakob
kon get money, animals, both man and woman savant, kamel, donkey and
plenty propaty.

# 31

*Jakob Run From Laban*

1 Jakob kon hear sey, Laban shidren dey sey, "Jakob don take evritin wey
bi awa papa own and naw, e don get money well-well." 2 So Jakob kon si
sey Laban nor dey do as e dey do with am before.

3 Den God tell Jakob, "Make yu go back to yor papa and yor family and
I go dey with yu."

4 So Jakob sey make dem koll Rashel and Leah kom meet am for di field
5 and e tell dem, "E klear sey una papa nor like mi again. But di God wey
bi my papa God always dey with mi. 6 Una know sey I don serve una papa
with all my mind and pawa, 7 yet una papa wont shit and short-pay mi.
But God nor gri make una papa wound mi. 8 If una papa sey, 'Di animals
wey get spot go bi yor pay,' dat mean sey all di animal wey dem born with
spot for body go bi my own and if una papa sey, 'Di one wey get mark go
bi yor pay,' den all di animals wey dem born with mark for dia body, go bi
my own too. 9 Like dis, God don give mi many of una papa animals. 10 For
di time wen animals dey sleep with each oda, I look kon si for dream sey
di goats wey dey sleep with di oda animals, get mark, spot and dem dey
black. 11 Den God angel tell mi for di dream, 'Jakob,' so I ansa, 'Na mi bi
dis!' 12 Di angel sey, 'Make yu si and know sey, all di goats wey sleep with
di oda animals, get spot, mark and dem black, bikos I don si evritin wey
Laban dey do yu. 13 Bikos na mi bi di God wey dey for Bethel, di place
where yu for anoint stone kon make vow. Naw, make yu get up komot
from dis land, den go back go meet yor pipol.' "

14 Den Rashel and Leah ansa, "E still get anytin wey remain for us for
awa papa house? 15 E nor dey trit us like strenjas naw? Bikos e don sell
us and e don really chop di money. 16 All di money and propaty wey God
don take from awa papa hand, na wi and awa shidren get dem."

17 So Jakob kon put en wife and shidren on-top kamel. 18 E karry all en
animals, all en propaty wey e don get, di animals wey e buy for Paddan
Aram den e kon dey go Kanaan Land go meet en papa Isaak. 19 As Laban
go kare for en sheep, Rashel kon tif en papa gods for di house. 20 Jakob
deceive Laban di Aramean, bikos e nor tell dem sey e won go. 21 E go with
evritin wey e get. E cross Eufrates River den e kon face di hill kountries
for Gilead.

*Laban Porshu Jakob*

22 Wen dem tell Laban for di third day sey Jakob don run, 23 e take en
men with am kon porshu Jakob for seven days. E katch am for di hill
kountries for Gilead. 24 But God kom meet Laban for dream for nite kon
tell am, "Make yu mind wetin yu go tell Jakob, weda e dey good or bad."

25 Laban meet Jakob for where e dey. Naw Jakob don build tent for di
hill and Laban and en men still build tent for dat aria too. 26 So Laban tell
Jakob, “Wetin make yu just deceive mi kon karry my dotas dey go like pipol
wey dem katch with swod? 27 Why yu play wayo run kon deceive mi? But
yu for tell mi, so dat I go free yu with good mind kon play instrument and
sing betta song for yu. 28 Why yu nor allow mi tell my grand-shidren and
dotas bye-bye? Si, wetin yu do so, nor dey good at-all. 29 If I won wound
yu, I go fit do am. But yor papa God tell mi yestiday nite for dream sey,
‘Make yu mind wetin yu go tell Jakob, weda e dey good or bad.’ 30 And
naw yu just dey go, bikos e don tey wey yu dey won go yor papa house,
but wetin make yu tif my gods?”

31 Jakob ansa Laban, “Na fear kause am, bikos I tink sey yu go take yor
shidren from mi with force. 32 But anybody hand wey yu for si yor gods,
go die. For all dis men present make yu point di tin wey I karry wey bi
yor own, den make yu take am.” Naw Jakob nor know sey na Rashel tif di
gods.

33 So Laban enter Jakob room and Leah room with di two savant own,
but e nor si anytin. Den e komot from Leah room kon enter Rashel own.
34 Naw, Rashel don take di gods kon put dem for kamel den e sidan put.
Laban look evriwhere for di tent, but e nor si dem. 35 Den Rashel tell en
papa, “Make my oga nor vex sey I nor fit stand, bikos I dey si my period.”
So e look evriwhere and e nor si di gods.

36 Den Jakob kon dey vex well-well for Laban sey, “Na wetin I do? Na
wish sin I kommit wey make yu porshu mi like dis? 37 Yu don shek evritin
wey I get; wetin yu don si wey bi yor own? Make yu bring am kom out
before my men and yor men, so dat dem go tok put for dis matter.

38 “I don dey with yu for twenty years naw. Yor animals wey get belle
dey always born and I neva for one day chop one among yor animals.
39 Anytin wey wiked animal chop, I nor dey bring dem kom meet yu, I dey
karry di cross by mysef. Yu dey ask of am from my hand, weda dem tif
am for nite or day time. 40 Na der I dey-dey: for day time, di sun dey waya
mi and for nite, kold dey won kill mi and sleep dey komot my eyes. 41 For
dis twenty years wen I dey for yor house. I serve yu for fourteen years
for yor two dotas and six years for di animals, but yu still dey short-pay
mi anyhow. 42 If my papa God, Abraham God and di Pesin wey Isaak dey
fear nor dey with mi, true-true yu for porshu mi go without anytin. God
si my mind and di work wey I dey do with my hand, naim make am tok
to yu yestiday nite.”

### *Jakob Agri With Laban*

43 Den Laban ansa Jakob, “Di girls na my pikin, di shidren na my shidren,
di animals na my animals and evritin wey yu dey si so, na my own. But
wetin go make mi ponish my dotas and di shidren wey dem born? 44 So
make yu kom make wi enter agriment; dat is yu and mi. And dat one go
show sey wi don setol.”

45 So Jakob take one stone kon set am as pila for der. 46 Den Jakob tell en
men, “Make una gada stones.” And dem gada many stones wey high like
mountin den dem kon chop for der. 47 Laban koll am Jegar-Sahaduta, but
Jakob koll am Galeed.

[48] Laban kon sey, “Dis stones na witness between yu and mi today.” Dat
na why dem koll am Galeed [49] and Mizpa, bikos e sey, “Make di Oga God
dey wosh mi and yu, even wen wi nor dey togeda again.
[50] “If yu opress my dotas or if yu marry anoda wife follow my dotas, aldo
nobody dey to si us, but God na awa witness.” [51] Den Laban tell Jakob, “Si
dis stones and di pila wey wi build between us. [52] Na dem go bi witness
and I nor go ever pass di stones kom meet yu and yu too nor go ever pass
kom meet mi, bikos yu won kon fight mi. [53] Abraham and Nahor God, dia
grand-papa God go judge between yu and mi.”
So Jakob kon swear with di God wey en papa Isaak dey fear [54] and Jakob
offa sakrifice for di hill kon koll en men kom chop bread. Dem chop bread
kon sleep for di hill dat nite. [55] Very early for di next morning, Laban
wake-up kon kiss en grand-shidren and en dotas, den e bless dem. Den
Laban kon go en house.

# 32

### *Jakob Fear To Meet Esau*

[1] Jakob kon go en own way and God angels kom meet am. [2] Wen Jakob
si dem, e kon sey, “God dey for dis place!” So e name di place Mahanaim.
[3] Jakob send message go meet en broda Esau for Seir wey dey for Edom
land [4] and e tell dem sey, “Make una tell my oga Esau sey: Dis na wetin
yor savant Jakob tok, ‘I don dey stay with Laban since kon rish naw. [5] I
get difren animals, man and woman savants. I just sey make I kon tell my
oga, so dat e go forgive mi.’ ”
[6] Leta, di messenja kom back kon tell Jakob sey, “Wi go meet yor broda
Esau and E dey kom meet yu and 400 men dey with am.” [7] Den Jakob kon
dey fear and en mind nor setol. E divide both di pipol wey dey with am
and di animals into two group, [8] bikos e tink sey, “If Esau kom attack one
group, den di oda group for di oda side go run.”
[9] Jakob kon sey, “My papa Abraham and Isaak God, di Oga God wey tell
mi sey, ‘Make yu go back to yor kountry and yor family, so dat I go do good
for yu,’ [10] I nor deserve all di good tins and kindness wey Yu don show
mi, yor savant, bikos na with only my rod I take cross Jordan River, but
naw, I don divide my family and propaty into two. [11] Abeg, make Yu save
mi from Esau my broda; bikos I dey fear sey e fit kom attack mi, my wifes
and my shidren. [12] Yu bin sey, ‘I go really do good for yu kon make yor
shidren plenty like san-san wey nobody fit kount.’ ”
[13] So Jakob stay der dat nite and from all di tins wey e get, e kon send
some present go give en broda Esau. [14] Di present na two hundred woman
goat, twenty man goat, two hundred iyu, twenty ram, [15] thirty kamel wey
get betta milk for breast and dia shidren, forty melu and ten bull, twenty
woman donkey and ten man donkey. [16] E pak dem give en savants and
dem separate dem, den e sey, “Make una dey go for front and make una
make sure sey dem nor join togeda.”
[17] E tell di savant wey dey front-front sey, “Wen my broda Esau meet
and ask yu sey, ‘Na who bi yor oga? Where yu from dey kom? Who get
all dis animal wey yu dey guide?’ [18] Den make yu sey, ‘Dem bi yor savant
Jakob own. E send dem as gift kon give yu, Esau awa oga. Jakob sef dey
kom for awa back.’ ” [19] E still kommand di sekond one with all di oda

savants for en front wey dey follow di gifts sey, "All of una must tell my
broda Esau di same tin wen una meet am. 20 Una must sey, 'Yor savant
Jakob dey kom for back.' " Jakob tink for en mind sey, "I go first beg am
with di gifts wey I dey send go for front. Afta dat one, I go meet am, den
may bi e go fit forgive mi." 21 So e send di gifts go for front, while e kon
sleep for en kamp dat nite.

### *Jakob Fight With God*

22 For nite, Jakob kwik-kwik take en two wife, en two savant and en
eleven shidren kon go Jabbok wotaside. 23 E take dem cross di wota with
all di tins wey e get. 24 So na only Jakob kon dey. Den en and one man
fight till day break. 25 Wen di man si sey e nor fit beat Jakob, e kon shift
di bone for Jakob lap komot from where e dey. 26 Den di man sey, "Make
yu allow mi dey go, bikos day don dey break."

But Jakob ansa, "I nor go let yu go, unless yu bless mi."

27 Den di man ask Jakob, "Wetin bi yor name?"

Jakob ansa, "My name na Jakob."

28 Den di man sey, "Dem nor go koll yu Jakob again, but from today go,
na Israel dem go dey koll yu, bikos yu don fight with God and man and yu
don win."

29 Den Jakob ask am, "Abeg make yu tell mi yor name."

But di man sey, "Why yu dey ask for my name?" So e kon bless am.

30 So Jakob koll di place Penuel, kon sey, "I don si God face-to-face and I
still dey alive." 31 E nor fit waka well as e dey pass Penuel land, bikos of
en lap wey dey pain am, so sun kon dey beat am. 32 Dat na why till today,
Israel pipol nor dey chop di meat wey dey lap, bikos di man tosh Jakob
lap.

# 33

### *Jakob Meet Esau*

1 Jakob look up kon si Esau dey kom with 400 men. So e kon divide di
shidren among Leah, Rashel and en two savant. 2 E put di savant and dia
shidren for front, den Leah and en shidren, den Rashel and en pikin kon
follow for back. 3 But Jakob by ensef kon waka go dia front and e bow face
groun seven times as e dey waka near en broda. 4 But Esau run go meet
am kon hug and kiss am. Den di two of dem kon dey kry.

5 Wen Esau si di wimen and dia shidren, e kon ask, "Na who bi dis pipol
wey dey with yu?"

Jakob ansa, "Na di shidren wey God don give mi, yor savant." 6 Di
savants first kom bow with dia shidren for Esau. 7 Den Leah kom with
en shidren kon bow, before Rashel and en pikin Josef kon bow for am.

8 Esau kon ask, "Wetin dey yor mind wey make yu send all dis tins kon
give mi?"

Jakob ansa, "My oga, na make yu for forgive mi."

9 But Esau sey, "My broda, make yu keep wetin yu get, bikos di ones wey
I get plenty rish for mi."

10 But Jakob sey, "If yu know sey yu don forgive mi, den make yu take
all dis gift wey I bring kom give yu. Bikos as I don si yor face and yu don
forgive mi, e just bi like sey na God face I dey si. 11 So, abeg, make yu take

all dis present wey I bring kon give yu, bikos God dey good to mi and I get
evritin wey I wont." Wen Jakob beg am well-well, e kon take dem.
12 Den Esau kon sey, "Make I dey go! I go dey go for yor front."
13 Jakob kon tell Esau, "My oga, yu know sey di shidren still small and I
dey kare for di animals wey just born, if wi sey make wi travel with dem
for just one day, all di animals fit die. 14 So make my oga dey go for en
savant front. I go dey kom small-small bikos of di shidren and di animals
and I go meet yu for Seir."
15 So Esau sey, "Make I leave some among my men with yu."
Jakob ansa, "Why yu still won do like dat? My oga, yu don try well-well."
16 So, dat day, Esau kon go back to Seir. 17 But Jakob travel go Sukkot
where e for build house for ensef and en animals. Dat na why dem dey
koll dat place Sukkot. 18 Afta e don komot from Paddan Aram, Jakob kon
rish Shekem town wey dey for Kanaan and e stay near di town. 19 Den e
buy di field where e bin build en tent put; E buy am from Hamor pikin
wey bi Shekem papa for one hundred silva. 20 For der, e build one altar
kon name am, "Na Israel God bi God."

# 34

*Dinah And Shekem Pipol*

1 Dinah wey bi Leah dota wey e born for Jakob go visit di wimen for di
land. 2 Hamor wey kom from Hiv, wen e pikin Shekem wey bi di prince
for di land si di girl, e seize am kon sleep and disgrace am. 3 Den en mind
nor gri komot di girl body again. E love di girl kon dey tok to am well. 4 So
Shekem tell en papa Hamor sey, "Make yu help mi get dis girl make e bi
my wife."
5 Naw Jakob hear sey dem don rape and sleep with Dinah en dota. But
en boys pikin dey di field with en animals, so Jakob nor tok until dem kom
back. 6 So Hamor wey bi Shekem pikin kon meet and tok to Jakob. 7 By
dis time, Jakob sons don kom back from di field, but as soon as dem hear
wetin happen, dem kon dey vex well-well, bikos wetin e do nor good at-all,
bikos dis kind tin nor suppose happen for Israel.
8 But Hamor beg dem sey, "My pikin soul dey una sista hand. Abeg make
una give di girl to am as en wife. 9 Make una allow us marry from una.
Make una give us una dotas and make una marry awa dotas too. 10 Una
go dey stay with us and una fit enter dis land wen ever una wont. Make
una stay and sell for here kon get propaty for here too."
11 Shekem still tok to Jakob and en sons sey, "Make una forgive mi and
anytin wey una ask mi, I go give una. 12 Make una ask mi for big bride
prize and gifts and I go give una evritin wey una ask for. All I wont na
make una give mi una sista as my wife."
13 Jakob sons ansa Shekem and en papa Hamor with wayo, bikos e don
disgrace dia sista, Dinah. 14 Dem sey, "Wi nor fit do dis tin; wi nor fit give
awa sista to pesin wey dem neva sekonsaiz, bikos dat go bi disgrace for us.
15 Na only one tin go make us agri with una and dat na if una go gri bi as
wi bi and evry man among una go sekonsaiz. 16 Den wi go give una awa
sista kon take una own too; wi go stay with una and wi go bi one family.
17 But if una nor go listin to us and nor gri sekonsaiz, den wi go take awa
dota and wi go-go."

[18] Dis tin wey dem tok sweet Hamor and en pikin, Shekem. [19] So di yong
man nor waste time as e go do di tin wey dem tell am, bikos e love Dinah,
wey bi Jakob pikin well-well. True-true, na en dem dey honor pass for en
papa house. [20] So Hamor and en pikin Shekem kom di town gate kon tok
to all di men for di town sey, [21] "Dis men nor dey look for trobol; make
dem stay for awa land kon sell with us, bikos di land big rish for all of us.
Make wi marry dia dotas as awa wifes and make wi give dem awa dotas
as dia wifes too. [22] But na only for one kondishon di men go agri to stay
with us as one family and na sey, evry man among us go sekonsaiz as dem
sekonsaiz too. [23] If wi do wetin dem tok, all dia animals and propaty go bi
awa own. Make wi just gri with dem and dem go stay with us."
[24] All of dem leave di gate afta dem don listin to Hamor and en pikin
Shekem and all di men kon go sekonsaiz, dat is all of dem wey kom di
town gate. [25] So for di third day, wen all of dem still get sore, two among
Jakob sons, Simeon and Levi, Dinah brodas, take swod go fight di town kon
kill all di men. [26] Dem kill Hamor and en pikin Shekem with di swod, take
Dinah komot from Shekem house, den dem kon go. [27] Jakob sons kom di
town where dem for kill all di men kon pak dia propaty and skata di town,
bikos dem don disgrace and rape dia sista. [28] Dem take dia animals and
all di propaty wey dey di town and di field. [29] All dia propaty, dia shidren
and dia wifes, dem katch dem kon skata der.
[30] Den Jakob tell Simeon and Levi sey, "Una don turn mi to dirty wey
dey smell to di pipol for dis land, Kanaan pipol and Periz pipol, bikos of
di wahala wey una put for my head. My pipol nor plenty and if dem gada
demsef kon attack mi, dem go distroy both mi and my family."
[31] But dem sey, "So e good as e trit awa sista like ashawo?"

# 35

### *Jakob Go Back To Bethel*

[1] Den God tell Jakob, "Make yu go Bethel go stay. Make yu build one
altar for God for where E for appear to yu wen yu dey run from Esau yor
broda."
[2] So Jakob tell en hold family and doz wey dey with am sey, "Make una
skata all di oda gods wey dey with una. Make una go wosh unasef kon
shange una klot. [3] Naw, make wi dey go Bethel. Den I go build altar for
God wey dey ansa mi wen I dey trobol and E always dey with mi for
anywhere wey I dey go."
[4] So dem give Jakob all di oda gods wey dey with dem and di rings wey
dey dia ears. Jakob beri dem under one oak tree near Shekem [5] and dem
kon start dia journey. Di towns wey dey dat aria dey fear God and fear
nor gri let dem porshu Jakob and en shidren. [6] Jakob and all di pipol wey
dey with am kon rish Luz (wey bi Bethel naw) wey dey Kanaan land. [7] E
build one altar for der kon koll am El Bethel (wey mean God house), bikos
na for der God for show ensef to am wen e dey run from en broda.
[8] (Deborah wey bi Rebekah nurse kon die and dem beri am under di oak
tree for Bethel; so dem kon koll di place "Oak wey dem for dey kry.")
[9] Afta Jakob kom back from Paddan Aram, God appear to am again kon
bless am. [10] God tell am, "Yor name na Jakob, but pipol nor go koll yu
Jakob again; na Israel dem go dey koll yu." So, God koll am Israel. [11] Den

God tell am, “Na mi bi di God wey get pawa. Yu go dey fruitful and yor
propaty go plenty! One nashon; even many nashon go kom from yu and
kings go dey join yor shidren-shidren! 12 Di land wey I give Abraham and
Isaak, I go gi-am to yu and yor shidren-shidren.” 13 Den God leave am for
di place where E for dey tok to am.
14 So Jakob arrange some stone for di place where God for tok to am. E
kon use drink take do ofrin for God, den e pour oil put. 15 Jakob kon koll
di place where God for tok to am Bethel.

*Rashel Die*

16 Dem travel from Bethel go Efrat wey far from der small. Rashel kon
dey labor and di belle dey pain am well-well. 17 Wen di labor don strong
well-well, di pesin wey won help am born kon tell am, “Make yu nor
fear, bikos na anoda boy yu won born.” 18 As Rashel dey breath like who
won die, e kon koll di pikin Ben Oni. But Israel koll am Benjamin. 19 So
Rashel die and dem beri am for di road wey dem dey pass go Efrat (wey
bi Betlehem naw). 20 Jakob put one mark on-top di grave, so dem dey koll
di place Rashel Grave kon rish today. 21 Den Israel kontinue en journey
kon go stay for Migdal Eder.

*Jakob Sons*

22 As Israel dey for di land, Reuben kon go sleep with Bilhah, en papa
girl-friend and Israel kon hear wetin happen. Jakob get twelf sons:

23 Di sons wey Leah born na Reuben wey bi Jakob first pikin, Simeon, Levi, Judah, Issakar and Zebulun.

24 Di sons wey Rashel born na Josef and Benjamin.

25 Di sons wey Bilhah, Rashel savant born na Dan and Naftali.

26 Di sons wey Zilpah, Leah savant born na Gad and Asher.

All dis na Jakob sons wey dem born for am for Paddan Aram.

*Isaak Die*

27 So Jakob kom back kon meet en papa Isaak for Mamre, wey dey
Kiriat-Arba (wey bi Hebron naw), di place where Abraham and Isaak stay.
28 Isaak stay for one hundred and eighty years. 29 Den Isaak kon die go
join en grand-grand papa dem. E old well-well before e die and e live en
life komplete. En sons Esau and Jakob kon go beri am.

# 36

*Esau Shidren-shidren*

1 Dis na di shidren wey Esau (wey bi Edom) born. 2 Esau marry from
Kanaan and di woman name na Adah and na Elon wey kom from Hit bi
en papa. E still marry Oholibama, wey bi Anah pikin and na Zibeon wey
kom from Hiv, na en grand-papa. 3 E still marry Basemat wey bi Nebaiot
sista and na Ishmael bi dia papa. 4 Adah born Elifaz for Esau and Basemat
born Reuel. 5 Oholibama born Jeush, Jalam and Korah. All dis na Esau
sons wey dem born for Kanaan.
6 Esau take en wifes, en shidren, evribody wey dey with am and en
animals and evritin wey e get wey e buy from Kanaan kon go anoda land
wey nor dey near en broda Jakob, 7 bikos dia propaty too many and dem
nor fit stay togeda, bikos di land wey dem dey, nor big rish. 8 So Esau (wey
still bi Edom) kon go stay for di hill for Seir.

9 Dis story na about Esau, Edom pipol papa for di hill aria wey dey Seir.
10 Dis na Esau sons name: Elifaz wey Esau wife Adah born; Reuel wey
Esau wife Basemat, born. 11 Elifaz sons na: Teman, Omar, Zefo, Gatam
and Kenaz. 12 Elifaz wey bi Esau pikin, en girl-friend Timna kon born
Amalek for am. Dis na di sons wey Esau wife Adah, born.
13 Reuel sons na: Nahat, Zera, Shammah and Mizzah. Na Esau wife Basemat born dis shidren.
14 Esau wife Oholibama wey bi Anah pikin and Zibeon grand-pikin, na di sons wey e born for Esau bi dis: Jeush, Jalam and Korah.

15 Di shiefs among Esau shidren; among en first-born Elifaz sons na:
shief Teman, shief Omar, shief Zefo, shief Kenaz, 16 shief Korah, shief
Gatam and shief Amalek. Dis na di shiefs wey kom from Elifaz for Edom land and dem bi Adah sons.
17 Reuel wey Esau born, na en sons bi dis: shief Nahat, shief Zera, shief Shammah and shief Mizzah. All dis na di shiefs wey kom from Reuel for Edom land and dem bi Basemat sons.
18 Dis na di sons wey Esau wife Oholibama born: shief Jeush, shief Jalam and shief Korah. Na Esau wife Oholibama wey bi Anah pikin, born all dis shiefs.
19 All dis na Esau (wey bi Edom) sons and dia shiefs.

### *Seir Shidren-shidren*

20 Seir wey kom from Horite na en sons for di land bi dis: Lotan, Shobal,
Zibeon, Anah, 21 Dishon, Ezer and Dishan. Dis na di shiefs from Horite
wey bi Seir shidren-shidren for Edom land.
22 Lotan sons na Hori and Homam; Lotan sista na Timna.
23 Dis na Shobal sons: Alvan, Manahat, Ebal, Shefo and Onam.
24 Na Zibeon sons bi dis: Aiaya and Anah (wey si di hot spring for di wildaness as e dey guide di animals wey bi en papa Zibeon own).
25 Anah shidren na: Dishon and Oholibama wey bi Anah dota.
26 Na Dishon sons bi dis: Hemdan, Eshban, Itran and Keran.
27 Ezer sons na: Bilhan, Zaavan and Akan.
28 Dishan sons na: Uz and Aran.
29 Di shiefs for Horite na: shief Lotan, shief Shobal, shief Zibeon, shief
Anah, 30 shief Dishon, shief Ezer and shief Dishan. All dis na di shiefs for
Horite akordin to di shief list for Seir land.

### *Edom Kings*

31 Dis na di kings wey rule for Edom land before any king rule for Israel:
32 Beor pikin Bela, rule for Edom; di town name na Dinhabah.
33 Wen Bela die, Jobab wey bi Zera wey kom form Bozrah kon rule for der.
34 Wen Jobab die, Husham wey kom from Teman kon rule for der.
35 Wen Husham die, Hadad wey bi Bedad pikin kon win Midian pipol for Moab land, den e rule for der. Di town name na Avit.
36 Wen Hadad die, Samlah wey kom from Masrekah kon rule for der.
37 Wen Samlah die, Shaul wey kom from Rehobot near di river kon rule too.
38 Wen Shaul die, Baal-Hanan wey bi Akbor son kon rule for der.

39 Wen Akbor pikin, Baal-Hanan die, Hadad kon rule for der; di town
name na Pau. En wife name na Mehetabel wey bi Matred dota and
Matred na Me-Zahab dota too.
40 Dis na di shiefs name for Esau family, akordin to dia family, place
and dia names. Dem bi: shief Timna, shief Alvah, shief Jetet, 41 shief
Oholibama, shief Elah, shief Pinon, 42 shief Kenaz, shief Teman, shief
Mibzar, 43 shief Magdiel and shief Iram. All dis na di shiefs for Edom,
akordin to where dem stay for di land wey dem kollect. Esau wey bi Edom
pipol papa, na en story bi dis.

# 37

*Josef Dream*

1 Jakob kon go stay for di land where en papa bin stay for Kanaan.
2 Na Jakob story bi dis: Josef wey bi seventeen years dey kare for di
sheep with en brodas. Naw e bi small boy wey dey work with en papa
wifes, Bilhah and Zilpah sons. Josef kon tell en papa bad tins about dem.
3 Israel love Josef pass all en sons, bikos e don old before dem born am,
so e kon make one special koat for am. 4 Wen Josef brodas si sey dia papa
like am pass dem, dem kon hate Josef and dey tok to am anyhow.
5 Josef dream and wen e tell en brodas about wetin e dream, dem kon
hate am more-more. 6 E tell dem sey, "Make una listin to my dream: 7 E
get many korn for di field centre. At wons my korn stand up for di centre
and una korn kon bow down for am!"
8 Den en brodas ask am, "So yu really tink sey yu go rule ova us or get
pawa pass us?" So dem kon hate am more-more, bikos of di dream and
wetin e tok.
9 Den, Josef dream anoda dream kon tell en brodas. "Make una si, I
dream anoda dream. For dis dream, di sun, di moon and eleven stars kon
bow down for mi."
10 Wen e tell en papa and en brodas, en papa shaut for am kon sey,
"Wetin bi dis dream wey yu dey dream? So mi, yor mama and all yor
brodas go really kom bow down for yu?" 11 Josef brodas kon dey jealous
am, but wetin Josef tok, en papa keep am for mind.

*Dem Sell Josef*

12 Wen en brodas don go find food for dia papa animals near Shekem,
13 Israel kon tell Josef, "Yor brodas dey for di field near Shekem. Make yu
kom make I send yu go meet dem."
Josef ansa, "Papa! I don ready."
14 So Jakob tell am, "Make yu go si as yor brodas and di animals dey,
den kon tell mi weda dem dey okay." So Jakob send am go from Hebron
Valley.
15 Wen Josef rish Shekem, one man kon si am dey waka anyhow for di
field, so di man ask am, "Na wetin yu dey find?"
16 Josef ansa, "I dey find my brodas. Abeg make yu tell mi where dem
and di animals dey."
17 Di man kon sey, "Dem don komot dis aria, bikos I hear wen dem dey
sey, 'Make wi go Dotan.' " So Josef find en brodas go Dotan.
18 Wen Josef brodas si am dey kom from far and before e rish where
dem dey, dem kon plan to kill-am. 19 Dem tell each oda, "Si di oga wey

sabi dream dey kom! [20] Make wi kill-am, trowey en body put for gutta,
den wi go tell papa sey na wiked animal chop am. Den wi go si wetin go
happen to en yeye dreams!"
[21] Wen Reuben hear wetin dem tok, e kon save Josef from dia hand wen
e sey, "Make wi nor kill-am!" [22] Reuben still sey, "Make wi nor put blood
for awa head! So make wi trow am for gutta for here inside dis wildaness,
but make una nor tosh am at-all." (Reuben tok like dis so dat leta, e go-go
save Josef give en papa.)
[23] Wen Josef rish where en brodas dey, dem komot en fine koat for en
body, di one wey e papa make for am. [24] Den dem take am kon trow am put
for one deep gutta. (Di gutta dey empty; wota nor dey inside.) [25] Wen dem
sidan make dem bigin chop, dem kon si some karavan wey karry Ishmael
pipol dey kom from Gilead. Dia kamel karry spice, balm and myrrh dey
go Egypt.
[26] Den Judah kon tell en brodas, "Wetin wi go gain if wi kill awa own
broda kon kover en blood? [27] So make wi sell am give dis Ishmael pipol,
but make wi nor kill-am, bikos e still bi awa broda; awa flesh and blood."
En brodas kon agri with wetin e tok. [28] So wen Midian tradas dey pass,
Josef brodas karry am komot di gutta kon sell am give Ishmael pipol for
twenty silva. Den dem karry Josef go Egypt.
[29] Leta, wen Reuben go back to di gutta, e kon si sey Josef nor dey der
again! E tear en klot [30] kon go meet en brodas sey, "Josef nor dey der
again! So naw, where I won find am go?"
[31] So dem take Josef koat kon kill one small goat, den soak am inside di
blood. [32] Dem take di koat go give Jakob sey, "Dis na wetin wi si. Make yu
look am well weda na yor pikin Josef own or not."
[33] Jakob look am well kon sey, "Na my pikin own! One wiked animal don
chop am! So, Josef don really die for wiked animal hand?" [34] Den Jakob
tear en klot kon wear sak for body and e mourn for en pikin well-well.
[35] All en sons and dotas stand near am dey kounsol am, but e nor gri ansa
dem. So Jakob kon kry well-well for Josef.
[36] Naw, Midian pipol kon sell Josef for Egypt to Potifa, wey bi offisa to
Fero and naim dey kaptain di guide dem.

# 38

### *Judah And Tamar*

[1] For dat time, Judah leave en brodas kon go stay with one man wey kom
from Adullam and en name na Hirah. [2] For der, Judah si one girl wey kom
from Kanaan and en papa name na Shua. Judah marry and sleep with
am. [3] Di girl get belle kon born boy and Judah koll am Er. [4] Di woman get
belle again kon born anoda boy and en mama koll am Onan. [5] Den e kon
born anoda boy and e koll am, Shelah and e born dis one for di town wey
dem dey koll Kezib.
[6] Judah kon marry wife give Er en first-born and di woman name na
Tamar. [7] But Er, Judah first-born kon sin against God, so God kon kill-am.
[8] Den Judah tell Onan en pikin, "Make yu sleep with yor broda wife, make
e for fit born for yor broda."
[9] But Onan know sey di pikin nor go bi en own. So wen ever e dey sleep
with en broda wife, e dey kwik get up, so dat e nor go born shidren for

en broda wey don die. 10 So wetin E do kon make God vex, so God kon
kill-am too.

11 So Judah kon tell en pikin wife Tamar sey, "Make yu go stay for yor papa house as woman wey en husband die until my pikin Shelah go grow rish to marry yu." Bikos e tink for en mind sey, "I nor wont make Shelah die like en brodas." So Tamar kon go stay for en papa house.

12 Afta sometaim, Judah wife wey bi Shua pikin kon die. Afta Judah don
mourn for am, e kon go Timnah go visit doz wey dey barb sheep hair with
en friend Hirah wey kom from Adullam. 13 Dem kon tell Tamar sey, "Si,
yor husband papa dey go Timnah go barb sheep hair." 14 So e shange en
klot kon kover ensef make nobody si en face. E wrap ensef kon sidan for
di door-mot for Enaim where dem dey pass go Timnah. (Di woman do like
so, bikos e si sey dem nor gri gi-am to Shelah as wife, even doh di boy don
big naw.) 15 Wen Judah si am, e tink sey na ashawo, bikos e kover en face.
16 So e turn face am for di road kon sey, "Make yu kom! I like sleep with
yu." (Judah nor know sey na en pikin wife.)

Di woman ansa, "Na wetin yu go give mi afta yu don sleep with mi?"

17 Judah ansa, "I go give yu one small goat from my animals."

Di woman ansa, "Wetin yu go give mi, make I for know sey yu go send di goat kom?"

18 Judah sey, "Na wetin yu wont make I give yu?"

Di woman ansa, "Make yu give mi yor seal, waist belt and di rod wey
dey yor hand." So Judah give dem to am kon sleep with am. So Tamar
kon get belle for Judah. 19 Di woman komot for der at wons, remove di
klot kon wear di klot wey show sey e dey mourn.

20 Den Judah kon give en friend Hirah from Adullam one yong goat make
e go give di woman, so dat e go gi-am back all di tin wey e gi-am before,
but wen Hirah rish der, e nor si am again. 21 E ask di men wey dey der
sey, "Where di ashawo wey dey here for Enaim road?"

Dem ansa am, "Wi neva si any ashawo for here before." 22 So Hirah go
back go tell Judah, "I nor si di ashawo for der. And di men for di place sey,
'Dem neva ever si ashawo for der before.' "

23 Judah kon sey, "Make di ashawo keep doz tins for ensef. If not e go bi like sey wi nor bi betta pipol. I really send di yong goat go, but wi nor si am."

24 Afta three monts, dem kon tell Judah sey, "Yor pikin wife Tamar don turn to ashawo and e don get belle." Judah kon sey, "Make una go bring Tamar kom make dem burn am!"

25 As dem dey bring am kom out, e kon sey make dem go tell en husband papa sey, "Na di man wey get dis tins give mi belle." Den di woman sey, "Make yu find di pesin wey get dis seal, waist belt and rod."

26 Judah know sey di tins na en own so e sey, "Dis woman even dey good and raitious pass mi, bikos I nor gri gi-am to Shelah my son." So Judah nor gri sleep with am again.

27 Wen time rish for Tamar to born, na twins e born. 28 Wen e dey born,
one pikin bring en hand kom out, so di nurse tie dat hand with rope kon
sey, "Na dis one first kom out." 29 But di pikin take en hand go inside back
and en broda kon kom out before am. Tamar sey, "Si as yu take kom out
from my belle!" So e koll di pikin, Perez. 30 Leta en broda kom out with
di rope for en hand, so e koll am Zera.

# 39

### *Josef And Potifa Wife*

1 Naw, dem kon take Josef kom Egypt and Potifa, one Fero offisa and di
bodyguard oga for Egypt kon buy Josef from Ishmael pipol wey bring am
kom der.
2 God dey with Josef and evritin dey betta for am, even as e dey for en
Egypt oga house. 3 En oga kon si sey God dey with am and God dey make
evritin wey Josef do, betta. 4 Potifa kon like Josef well-well as Josef dey
serve am, so e make am oga ova all di savants for en house and evritin
wey e get. 5 From dat time, Potifa make Josef as pesin wey go dey kare
for evritin wey dey en house and God kon dey bless Potifa house. Bikos of
Josef, God blessing dey for evritin wey e get, both for di house and for di
field. 6 So Potifa leave evritin wey e get for Josef make e kare for dem. So
di only tin wey koncern Potifa for di house, na to chop.
Josef fine well-well and e get betta karata. 7 Afta sometaim, en oga wife
kon dey like am, den di woman tell am, "Make yu kom sleep with mi."
8 But Josef nor gri and e sey, "Si, bikos of mi, my oga nor even dey borda
shek anytin for di house again and e don make mi dey kontrol evritin wey
e get. 9 Na mi big pass for dis house and my oga don give mi evritin escept
yu, bikos yu bi en wife. So wetin go make mi do dis kind wikedness kon
sin against God?"
10 As di woman dey tok to Josef evriday sey make e sleep with am or
stay small with am, Josef nor dey listin to am. 11 But one day wen Josef
enter inside di house go do en work and all di oda savants nor dey inside
di house, 12 di woman kon hold en klot dey sey, "Make yu sleep with mi."
But e run komot di house kon leave en klot for di woman hand.
13 Wen di woman si sey Josef don leave en klot for en hand run komot
from di house, 14 e kon koll di men for di house dey sey, "Si, my husband
don bring one Hibru pesin make e kom take us do yeye. Josef won kon
sleep with mi naim I shaut well-well. 15 As Josef know sey I dey shaut and
kry, e kon run komot di house, but e forget sey en klot dey near mi."
16 So di woman keep di klot until en husband kom, 17 den e tell am di
same story sey, "Di Hibru savant wey yu bring kom dis house, waka enter
my room won kon take mi do yeye. 18 But as soon as I bigin shaut dey kry,
e kon run komot di house and e leave en klot."
19 As di oga hear di word wey en wife tell am sey, "Dis na how yor
savant trit mi," e kon dey vex for Josef. 20 So Josef oga karry Josef go put
for prison. Na only pipol wey di king arrest dey-dey for di prison where
dem karry Josef go. 21 But God dey with Josef kon show am as E love am
rish and E make di pesin wey dey guide di prison, love Josef well-well too.
22 So di pesin wey dey guide di prison put all di prisonas for Josef kare.
Na Josef bi oga for evritin wey dem dey do. 23 Di pesin wey dey guide
di prison nor kare about anytin wey dem sey make Josef do or look afta,
bikos God dey with Josef. Anytin wey e do, God dey make am susid.

# 40

### *Josef Interpret Two Dreams*

1 Afta all dis tins don happen, di pesin wey dey serve wine for Egypt king
and di pesin wey dey bake en bread kon make am vex. 2 Fero wey bi king,

vex well-well for en two ofisas [3] so e kon arrest dem put for prison for di
bodyguard oga house where dem put Josef too. [4] Di oga for di guards kon
choose Josef as di pesin wey go dey serve di two ofisas for prison. Dem
stay for prison tey small.
[5] One day, di two of dem; both di pesin wey dey serve wine and di baker
for Egypt wey dey prison kon dream. Each of dem dream get en own
meaning. [6] Wen Josef meet dem for morning, e si sey dia face nor dey
okay. [7] So e ask Fero ofisas wey dey prison with am for en masta house,
"Wetin make una face bi like dis today?"
[8] Dem ansa, "Wi dream one kind bad dream, but e nor get anybody wey
fit tell us wetin di dreams mean."
Josef ansa, "Nor bi God dey tell pipol wetin dreams mean? Make una
tell mi di dream."
[9] So di one wey dey serve wine kon tell Josef en dream: "Inside my
dream, e get one vine for my front. [10] Di vine get tree branches. Di vine
kon dey grow dey fine and e kon dey produce ripe-ripe grape. [11] Fero cup
dey my hand, so I take di grape kon press am put for di cup den give di
cup to Fero."
[12] Den Josef tell am, "Na wetin yor dream mean bi dis: di three branches
na three days. [13] For three days time, Fero go karry yu go back to yor ofis
and yu go dey serve wine for Fero as yu dey do before. [14] But make yu
remember mi wen evritin dey okay with yu and make yu menshon mi to
Fero wen di time rish, so dat I go komot from dis prison. [15] Bikos dem buy
mi kom from Hibru land and for der, I nor do anytin wey make dem put
mi for gutta."
[16] Wen di man wey dey bake bread si sey di meaning dey good, e kon
tell Josef, "I still dream too: three kake basket dey my head, [17] and for di
one wey dey top, difren kind food wey dem bake for Fero dey inside, but
di birds dey chop am from di basket wey dey my head."
[18] So Josef ansa, "Na wetin yor dream mean bi dis: di three basket na
three days. [19] For three days time, Fero go sey make dem hang yu for tree.
Den birds go kom chop yor flesh."
[20] So e happen sey for di third day, wey bi Fero birtday, e kon do party
for all en savants and e sey make dem release both di man wey dey serve
am wine and di one wey dey bake. [21] Di one wey dey serve wine, Fero
gi-am en work back. [22] But e hang di baker, just as Josef tell dem before.
[23] But di man wey dey serve wine nor remember Josef again and e kon
forget am.

# 41

*Fero First And Sekond Dream*

[1] Afta two years, Fero kon dream. As e stand near River Nile, [2] e kon si
seven melu wey fat and fine well-well dey kom out from di river go chop
for di field. [3] Den e si seven melu wey dirty and tin dey kom for dia back
from di river too and dem stand near di fat ones. [4] Den, di tin melu kon
swallow di seven fine and fat melu and Fero kon wake-up.
[5] Den e sleep again kon dream anoda dream: E si seven korn head dey
grow for one korn stik and dem dey fine and big well-well. [6] Den e still si
anoda seven korn head wey tin and wey sun don burn small and dem dey

grow kom out too. 7 Di seven tin korn kon swallow di seven fat and fine
ones. Den Fero wake-up kon si sey na dream e dey dream.
8 For morning, en mind nor rest, so e sey make dem koll all en majishan,
priest, doz wey dey si wetin go happen and juju pipol for Egypt. Fero tell
dem en dreams, but nobody fit tell am wetin dem mean. 9 Den di man
wey dey serve wine for Fero kon tell am, “Na today I know sey I don sin.
10 I remember wen Fero vex for mi en savants kon put mi for prison for
di bodyguards oga house; both mi and di shief baker. 11 Wi two dream
difren dream for di same nite and di dream get dia own meaning. 12 Naw
e get one yong Hibru man for der and e bi di guide oga savant. Wi tell am
wetin wi dream and e tell di two of us wetin awa difren dreams mean.
13 Evritin happen just as e tell us. Fero give mi my work back kon hang di
shief baker.”
14 Den Fero sey make dem go koll Josef kom. So dem take Josef kwik-
kwik komot from di prison kon shave en hair and shange en klot, den dem
take am go meet Fero. 15 Fero kon tell Josef, “I dream one kind dream and
e nor get anybody wey fit tell mi wetin di dream mean. But I don hear
about yu sey yu dey fit tell pipol wetin dia dream mean.”
16 Josef kon ansa Fero, “I nor get dat kind pawa, but God go tok thru mi,
so dat yu awa king go dey okay.”
17 Den Fero tell Josef, “I dream sey I stand near Nile river. 18 Den I si
seven melu wey fine well-well dey kom out from di river go chop for di
field. 19 Den I still si seven dirty and tin melu dey kom for dia back from
di river too and dem stand near di fat ones. I neva si dat kind dirty and
tin melu before. 20 Di dirty melu kon swallow di fine ones. 21 Wen dem
don chop di fat ones finish, nobody go know sey dem chop anytin, bikos
dem still tin as dem bi. Den I kon wake-up.
22 “I still dream si seven korn head dey grow for one korn stik and dem
fine and big well-well. 23 Den I si anoda seven korn head wey tin and wey
sun don burn small dey grow kom out too. 24 Di tin ones kon swallow di
fat ones. So I tell all my priest and majishan, but nobody fit tell mi wetin
di dreams mean.”
25 Den Josef tell Fero, “Di two dream wey Fero dream get di same
meaning. God don show Fero wetin E wont do. 26 Di seven fat melu na
seven years and di seven good korn na seven years too. Di two dreams
get di same meaning. 27 Di seven tin melu wey kom afta di fat ones na
still seven years and di bad korn wey still kom afta di good ones, na seven
years wen honga go dey. 28 Dis na wetin I go tell Fero: God don show
Fero wetin E won do. 29 Seven years dey kom wen good tins go happen
for Egypt. 30 But afta dat seven years, anoda seven years wey honga go
dey evriwhere dey kom and evribody go forget di first seven years. Di
honga go konfuse di land. 31 Pipol nor go remember di tins wey di land
get before, bikos di honga go strong well-well. 32 God show Fero di dream
two times, bikos na as God wont make e bi, bi dat and God go soon make
am happen.

### *Josef Advise Fero*

33 “So make Fero fine one man wey good and get sense kon make am oga
ova di land for Egypt. 34 Den make Fero choose one pesin wey go supavise
di whole land for Egypt, so dat if dem divide all di tins for Egypt into ten,

dem go kollect five part keep for di time wen evritin dey good. 35 For dis
good years wey dey kom, make dem gada all di food wey remain. And
make Fero kommand dem to keep korn and oda tins, so dat di town go
get food and dem go dey keep dem. 36 Make dem keep all dis food for di
land until di seven years wey honga go dey, go start. Like dis, di land go
fit survive di honga."

*Fero Make Josef Govnor*

37 Dis advise dey good for Fero ear and all en ofisas. 38 So Fero kon ask
en ofisas, "Wi go fit si anoda pesin wey bi like Josef, pesin wey God Spirit
dey with?" 39 So Fero tell Josef, "Bikos God don make yu know all dis tins,
e nor get anybody wey wise and good like yu! 40 Na yu go take kare of my
house and all my pipol go obey yor kommand. Na only mi, di king go dey
great pass yu."

41 Fero kon tell Josef, "Si! I don put yu as oga ova evribody for Egypt."
42 Den Fero take en own ring from en hand kon wear am for Josef own. E
wear en fine klot for Josef kon put gold shain for en neck. 43 Fero gi-am
di shariot wey di pesin afta di king dey ride and e sey, "Make una knee
down for am!" So Fero make am oga ova all di land for Egypt. 44 Fero still
tell Josef, "Na mi bi Fero, but unless yu sey so, nobody go ever fit enter
Egypt."

45 Fero kon koll Josef, Zafenat-Paneah. E still gi-am Asenat wey bi
Potifara dota, priest for On, so dat di woman go bi Josef wife. So Josef
kon dey kontrol di whole Egypt. 46 For dis time, Josef na thirty years wen
e start to serve Fero and dey kommand evribody for Egypt. Na Fero make
Josef oga for di whole Egypt.

47 For di seven years wey food dey, wetin di land produce kon many
well-well. 48 Josef take all di food wey remain for Egypt for dat seven
years kon keep dem for di main towns. Josef keep food wey dem gada
for all di towns. 49 Di korn and rice wey Josef keep, many well-well like
san-san wey dey near sea and e nor fit measure dem again, bikos dem too
plenty.

50 Asenat, Priest Potifara for On pikin, wey bi Josef wife, born two sons
for Josef before di honga start. 51 Josef koll di first-born Manasseh kon sey,
"True-true, God don make mi forget all my wahala and my papa house,"
52 E koll di sekond boy, Efraim bikos e sey, "True-true, for di land where I
for dey sofa, God don make mi fruitful."

53 Den di seven years wen tins good for Egypt kon finish. 54 And di seven
years for honga kon start just as Josef tok sey e go bi. Honga dey for di
whole world, but food dey for Egypt. 55 Wen evribody for Egypt don dey
sofa, bikos of di honga, di pipol kon kry go meet Fero make e give dem
food. But Fero tell dem, "Make una go meet Josef and anytin wey e tell
una, make una do am." 56 As di honga dey evriwhere for di world, Josef
kon open di store where e keep food put kon dey sell food give Egypt pipol.
Di honga for di whole Egypt strong well-well. 57 Pipol from evry kountry
dey kom buy food from Josef for Egypt, bikos di honga strong well-well.

# 42

*Josef Brodas Go Egypt*

1 Wen Jakob hear sey food dey for Egypt, e kon tell en sons, “Wetin make
una dey look each oda?” 2 E sey, “Si, I hear sey food dey for Egypt. Make
una go der go buy food, so dat honga nor go kill us.” 3 So ten among Josef
brodas kon go Egypt go buy food. 4 But Jakob nor gri allow Benjamin, Josef
broda follow dem, bikos e sey, “I nor wont make anytin happen to am.”
5 So Israel shidren follow di oda pipol kon buy food for Egypt, bikos di
honga strong well-well for Kanaan land.

6 For dis time, na Josef dey rule di kountry and naim dey sell food give
all di pipol. Wen en brodas kom meet am, dem bow face groun. 7 Wen
Josef si en brodas, na wons e know dem, but e do like sey e nor know dem
kon dey shaut for dem. E ask dem, “Na where una from kom?”

Dem ansa, “Na from Kanaan land wi from kom buy food.”

8 Josef know en brodas, but dem nor know am. 9 Den Josef remember
di dream wey e dream about dem, so e tell dem, “Una bi tif! Una kon look
weda una fit attack awa land!”

10 But dem ansa, “No o-o! My oga, na food yor savants just kom buy o-o!
11 Na one papa all of us get o-o; wi bi good pipol o-o! Abeg, yor savants
nor bi tif at-all.”

12 But Josef sey, “Na lie, una kon si if una go fit attack awa land.”

13 En brodas ansa, “Yor savants na from one house and wi bi twelf boys.
Na one man for Kanaan born all of us. Di one wey yong pass dey with
awa papa and one don die.”

14 But Josef sey, “Just as I tell una before, na tif una bi! 15 Na so I go
take test una: As long as Fero dey alive, una nor go komot here until una
bring una yonga broda kom here. 16 One pesin among una go-go bring
una broda kom, while di rest of una go stay here. Like dis, wi go know
weda una dey tok trut. If not, as long as Fero dey alive, all of una na tif!”

17 Josef keep dem for prison for three days. 18 For di third day, Josef kon
tell dem, “Make una do as I tok and una go dey alive, bikos I dey fear God.
19 If una really dey good, make una leave one among una broda for here,
so dat una go fit take food go give una family wey dey hongry for Kanaan.
20 But una must bring una yonga broda kom meet mi. Den I go bilive una
and una nor go die.” So Josef brodas do as e tok.

21 Dem kon tell each oda, “Dem dey ponish us, bikos of awa broda Josef,
bikos wi si en pain wen e dey kry make wi sorry for am, but wi nor gri
listin to am. Na-im make all dis tins dey happen to us so!”

22 Reuben kon tell dem, “I nor tell una sey make una nor sin against di
boy, but una nor gri listin to mi? So naw, wi must pay for di sin wey wi
kommit!”

23 (Naw, dem nor know sey Josef dey undastand wetin dem dey tok,
bikos e dey speak Egypt language and anoda pesin dey interpret am give
en brodas.) 24 So Josef turn from dem kon dey kry. Wen e turn face dem
again, e kon sey make dem go put Simeon for prison as all of dem dey
look.

### *Josef Brodas Go Back To Kanaan*

25 Den Josef orda sey make dem put food for dia bag kon put evribody
money for dia bag back kon sey make dem help dem for dia journey. So
en ofisas do as e tok. 26 So dem kon put dia food for dia donkey kon go.

27 Wen dem dey rest, one among dem open en sak make e give en donkey
food and e kon si en money inside di sak. 28 Den e tell en brodas, “Dem
return my money give mi! E dey for inside my sak!” Dem sopraiz well-
well kon turn face each oda with fear, den dem sey, “Na wetin God don do
to us so?”
29 Dem go back go meet dia papa Jakob for Kanaan kon tell am evritin
wey happen dey sey, 30 “Di man wey bi di oga for Egypt tok to us bad kon
trit us like sey wi bi tif. 31 But wi tell am sey, ‘Wi bi good pipol; wi nor kon
spy or tif! 32 Wi bi twelf brodas from one family and na one man born all
of us. One don die and as wi dey tok, di yonga one dey with awa papa for
Kanaan.’ 33 Den di man wey bi di oga for di land kon tell us, ‘Na like dis
I go take know if una dey good as una tok. Make una leave one among
una brodas for here kon take food go give una family wey dey hongry for
Kanaan. 34 But una must bring una yonga broda kon meet mi, so dat I go
know sey una dey good and una nor bi tif. Den I go give una broda back
to una and una go fit waka as una like for dis land.’ ”
35 As dem dey remove di food from dia sak, all of dem kon si dia money
inside dia sak! As dem with dia papa si di money, dem kon dey fear. 36 So
dia papa Jakob kon tell dem, “Una won turn mi to who nor get pikin? Josef
don die. I nor know wetin dey happen to Simeon naw. And naw una won
kollect Benjamin too! Evritin just dey against mi.”
37 Den Reuben tell en papa, “Make yu kill my two sons, if I nor bring
Benjamin kom back kom meet yu. Make yu put am for my hand and I go
bring am back.”
38 But Jakob ansa, “Benjamin nor go follow una go anywhere, bikos en
broda don die and na only en remain naw. If anytin happen to am wen
una dey travel, den una go just make mi die with pain.”

# 43

*Dem Go Egypt Again*

1 Naw di honga strong well-well. 2 So wen dem don chop di food wey
dem buy from Egypt finish, dia papa kon tell dem, “Make una still go back
go buy some food kom.”
3 But Judah tell en papa sey, “Di oga for der really warn us sey, ‘Una nor
go si my face unless una bring una broda.’ 4 But if yu allow awa broda
follow us, den wi go-go buy food. 5 But if yu nor gri make e follow us, wi
nor go-go, bikos di man sey, ‘Una nor go si my face unless una bring una
broda kom.’ ”
6 So Israel sey, “Wetin make una kause dis wahala wen una tell di man
sey una get anoda broda?”
7 Dem ansa, “Di man ask us kweshon well-well about wi and awa family
sey, ‘Una papa still dey alive? Una get anoda broda? So wi ansa am like
dat.’ How wi won take know sey e go sey, ‘Make una bring una broda
kom’?”
8 Den Judah tell en papa Israel sey, “Make yu allow di boy follow mi and
wi go-go togeda. Den wi go dey alive and wi nor go die, both wi, yu and
awa shidren. 9 Mi mysef dey swear sey e go dey save; make yu hold mi if
e nor kom back. 10 And if nor bi all dis story, wi for don go der kom back
like two times naw!”

11 Den dia papa Israel tell dem, “If na so e go bi, den make una do dis
tin for mi: Make una karry some among di best tins wey wi get put for
una bags kon give di man as gift; small balm, honey, spices and myrrh,
pistachio and almond. 12 Make una take many money follow body; una
must return dat money wey una si for una bag, bikos e if bi sey dem dey
try una. 13 Naw, make una karry Benjamin una broda and make una dey
go. 14 Make di God wey get pawa give una mesi for di man front, so dat
e go release Simeon and Benjamin! But for mi, if I luz my shidren, I luz
dem bi dat.”

15 So dem take di gift, karry doubol money kon take Benjamin follow
body. Den dem rush go Egypt kon stand for Josef front. 16 Wen Josef
si Benjamin with dem, e kon tell en savant wey dey kare for en house,
“Make yu take dis men go my house, den make yu kill one animal kon
kook am, bikos dis men go chop with mi dis aftanoon.” 17 Di man do just
as Josef tell am; e take di men go Josef house.

18 But di men kon dey fear wen dem take dem enter Josef house. Dem
kon sey, “Dem bring us kom here, bikos of dat money wey wi si for awa
sak dat time. E won katch us, turn us to en slave kon take awa donkey!”

19 So dem go meet di man wey dey kare for Josef house kon follow am
tok for di door-mot. 20 Dem tell am, “My oga, wi really kon buy food di
first time. 21 But wen wi rish where wi won for sleep dat nite, wi open
awa sak and all of us si awa money; dat is di whole money for inside di
sak. So wi don riton am. 22 Wi still bring xtra money wey wi go take buy
food. Wi nor know who put di money dem for awa sak!”

23 Di man kon tell Josef brodas sey, “Make una nor fear, evritin dey okay.
Una God and una papa God don give una gift for una sak. Na mi put di
money.” Den e bring Simeon kom out from prison.

24 Di man kon take dem enter Josef house. E give dem wota and dem
kon wosh dia legs. Den e give dia donkey food chop. 25 Josef brodas kon
keep dia gifts dey wait make Josef kom for aftanoon, bikos dem don tell
dem sey dem won chop with am.

26 Wen Josef enter di house, dem kon gi-am dia gift and dem bow face
groun for en front. 27 E ask dem how dem dey. Den e sey, “Una papa dey
okay, di one wey una tok about? E still dey alive?”

28 Dem kon ansa, “Yor savant wey bi awa papa dey okay and e still dey
alive.” Den dem bow to show respet.

29 Wen Josef look up kon si en broda Benjamin, en mama pikin, e kon
sey, “Na dis boy bi una yonga broda wey una tell mi about?” Den e sey,
“My son, make God always dey good to yu.” 30 Josef rush go outside, bikos
e nor fit bear as e dey si en brodas and e don nearly won kry. So e go en
room kon kry well-well for der. 31 Den e wosh en face kon kom out. With
strong mind, e kon sey, “Make una arrange di food.”

32 Dem arrange one place for am, anoda place for en brodas and anoda
place for di Egypt pipol wey won chop with am. (Dis na bikos, Egypt pipol
nor dey chop with Hibru pipol, bikos Egypt pipol bilive sey e nor good to
chop with Hibru pipol.) 33 Dem sidan for en front as dem take born dem;
from di first-born go rish di last born. Di men kon dey sopraiz dey look
demsef. 34 E give dem part for di food wey dem gi-am, but di one wey

e give Benjamin, big pass dia own five times. Dem chop and drink with Josef until drink kon katch dem.

# 44

### *Josef And En Brodas*

1 Josef kon tell di savant wey dey kare for en house sey, "Make yu pak food full dia sak kon give evribody dia money back. 2 Den make yu put my silva cup for di yonga one sak, plus en money." So di man do as Josef tell am.

3 Wen morning rish, di men and dia donkey kon go. 4 Dem neva go far from di town wen Josef tell di savant wey dey kare for en house, "Make yu porshu dem at wons! Wen yu katch dem, tell dem sey, 'Wetin make una repay bad for good? 5 Wetin make una tif my oga silva cup wey e dey use drink and shek di future? Una don do bad!' "

6 Wen di savant katch dem, e kon tell dem di word. 7 Dem ansa di savant, "Wetin make awa oga tok like dis? E nor dey possibol for yor savant to do dat kind tin! 8 Si! Di money wey wi si for awa sak before, wi bring am kom back. So wetin go make us tif silva or gold from yor oga house? 9 If any of us tif am, e go die and di remainin of us go bi awa oga savant!"
10 Di savant ansa, "Una don choose una own ponishment! Di pesin wey tif am go bi my savant, but di rest of una go-go free."

11 So dem put dia sak for groun kon open am. 12 Den di man bigin shek. E start with di old one first till e rish di last one. Dem kon si di cup for Benjamin sak! 13 Den all of dem kon tear dia klot! Den dem arrange dia donkey kon go back to di town. 14 So Judah and en brodas kon go back to Josef house. Josef still dey house, so dem kon fall dey beg am.

15 Josef tell dem, "Wetin una tink sey una do so? So una nor know sey pesin like mi dey know tins before e happen?"

16 Judah ansa, "My oga, wetin wi go fit tell yu? Wetin wi go fit tok? How wi go fit take free awasef? God don espose awa sin! My oga, wi don bi yor savant, wi and di pesin wey dem si di cup for en sak."

17 But Josef tell dem, "I nor go fit do dat tin! Di man wey dem for si di cup for en hand go bi my savant and di rest of una fit go meet una papa with peace."

### *Judah Beg For Benjamin*

18 Den Judah ansa Josef, "My oga, abeg make yu let yor savant tok to yu.
Abeg make yu nor vex with yor savant, bikos yu just bi like Fero. 19 My
oga ask en savants sey, 'Una still get papa or broda?' 20 Wi ansa sey, 'Awa
papa don old and wi get one small broda wey dem born for awa papa wen
e don old. Di boy broda don die. Na only en bi en mama pikin wey remain
and en papa love am well-well.' 21 Den yu tell us yor savants sey, 'Make
una go bring am kom make I si am.' 22 Wi tell awa oga sey, 'Di boy nor
go fit leave en papa. If e leave en papa, di papa go die.' 23 But yu tell yor
savants sey, 'If una yonga broda nor follow una kom, una nor go si my
face again.' 24 Wen wi go meet awa papa, wi tell am evritin wey awa oga
tok. 25 Den awa papa sey, 'Make una go buy some food kom.' 26 But wi tell
am, 'Wi nor go fit go, unless awa yonga broda go follow us, bikos wi nor
go fit si di man if e nor follow us.' 27 Den yor savant, awa papa kon sey,

'Una know sey my wife born two boys for mi. 28 Di first boy disappear and
I kon sey, "Wiked animal go don chop am to pieces." I neva si am since
den. 29 If una take dis one from mi too and sometin happen to am, den
una go make mi die for pain and shame.'
30 "So naw, how wi won take go back to yor savant, awa papa and di boy
nor dey with us; bikos en life dey inside dis en pikin life. 31 Wen e si sey
di boy nor dey with us, e go die and yor savant go let awa papa yor savant
die inside pain and shame. 32 True-true, yor savant kon tell en papa sey,
'If I nor bring di boy kom back, den for di rest of my life, I go dey bear di
blame.' 33 So naw, make yu allow mi bi yor slave instead of dis boy. But
for di boy, make e follow my brodas go back. 34 How I won take go back
go tell my papa, if di boy nor dey with mi? I nor go fit bear to si my papa
sofa for pain."

# 45

*Josef Show Ensef To En Family*

1 Josef nor fit kontrol ensef again so e kon sey, "Make evribody komot
for my front naw!" Nobody dey der with Josef wen e tell en brodas who
e bi. 2 E kry well-well; Egypt pipol and evribody plus Fero sef, hear about
wetin happen.
3 Josef kon tell en brodas, "I bi Josef! My papa still dey alive?" En brodas
nor fit ansa am, bikos dem sopraiz well-well with fear as dem stand for en
front. 4 Josef kon tell dem, "Make una waka near mi," so dem waka near
am. Den e sey, "I bi Josef una broda wey una sell give pipol wey dey kom
Egypt. 5 Naw, make una nor fear or dey vex with unasef, bikos even doh
una sell mi kom here, na God send mi go for una front, so dat pipol life go
dey save! 6 Bikos for dis two years wey honga dey so, na so honga go still
dey for di next five years. 7 So God send mi kom for una front, so dat una
go dey di eart and una nor go die. 8 So naw, nor bi una send mi kom here,
but na God. E don turn mi to Fero adviser, di oga ova all en propaty and
di ruler for Egypt land.
9 "Naw, make una kwik-kwik go tell my papa sey, 'Dis na wetin Josef
yor pikin tok: "God don make mi oga ova all di land for Egypt. So make
yu kwik-kwik kom meet mi! 10 Una go dey for Goshen land and una go
dey near mi; both una, una shidren, una grand-shidren, una animals and
plants and evritin wey una get. 11 I go provide food for una for here, bikos
dis honga go still last for five years. If not, una go soon dey poor; both una
and una family and evribody and tins wey bilong to una." '
12 "Una with my broda Benjamin don si sey na mi, Josef, dey follow una
dey tok. 13 So make una tell my papa about all my honor for Egypt and
about evritin wey una dey si so. But make una kwik bring my papa kom
meet mi for here!" 14 Den Josef hold en broda Benjamin near body kon
kry well-well and Benjamin kon dey kry too. 15 Josef kiss all en brodas as
e dey kry. Afta, en brodas kon follow am tok.
16 Naw dem kon go tell Fero for en house sey, "Josef brodas don kom."
Di news sweet Fero and en savants.
17 Fero kon tell Josef, "Make yu go tell yor brodas sey, 'Make una do like
dis: Make una load una animal kon go Kanaan land! 18 Den make una
karry una papa and family kom stay here! Den I go give una di best land

for Egypt and una go dey chop di best food for dis land.' 19 Make yu still
tell dem sey, 'Make una do like dis: Una go karry horse wey dey karry load
from dis land kon go karry una family kom from Kanaan; both una wifes
and shidren. Make una bring una papa kom too. 20 Make una nor worry
about una propaty, bikos di best tins wey dey Egypt go bi una own.' "

21 So Israel sons kon do as Josef tell dem. Josef give dem horse wey
dey karry load, just as Fero tok kon give dem tins wey dem go nid for
dia journey. 22 E still give all of dem many klot, but e give Benjamin three
hundred silva and five klot. 23 E send dis tins go meet en papa: ten donkey
wey karry di best goods for Egypt and ten woman donkey wey karry korn,
food and di tins wey en papa go nid for en journey. 24 Den e send en brodas
go and dem kon komot from en present. E tell dem, "As una dey travel,
make una nor let fear worry una." 25 So dem komot from Egypt go meet
dia papa, Jakob for Kanaan.

26 Dem tell dia papa, "Josef neva die and na en dey rule Egypt!" Jakob
kon sopraiz, bikos e nor bilive dem. 27 But wen dem tell Jakob evritin wey
Josef tell dem and wen e si di horse wey Josef send kom karry am, e kon
bilive sey na trut.

28 Den Israel sey, "E don do! My pikin Josef still dey alive! I go-go si am
before I die."

# 46

### *Jakob And En Family Go Egypt*

1 So Israel kon start en journey and e karry evritin wey e get follow body.
Wen e rish Beersheba, e offa sakrifice give en papa Isaak, God. 2 Wen Israel
dey sleep for nite, God kon tok to am for vishon sey, "Jakob, Jakob!"

E ansa, "Na mi bi dis!"

3 God sey, "Na mi bi God, di God wey yor papa serve. Make yu nor fear
to go Egypt, bikos na der I go for make yu bi one strong nashon. 4 I go
follow yu go Egypt and na mi go take my hand bring yu kom back to dis
land. Josef go kare for yu till yu die for Egypt."

5 Den Jakob komot from Beersheba and Israel sons put dia papa, dia
shidren and dia wifes for di horse wey Fero send kom kon karry dem go
Egypt. 6 Jakob and all en shidren karry dia animals and propaty wey dem
get for Kanaan kon go Egypt. 7 Jakob karry en sons and grand sons, en
dota and grand dotas and evritin wey e get, enter Egypt.

8 Dis na di name of Israel shidren wey follow am go Egypt, dat is Jakob
and en sons:

Reuben, Jakob first-born 9 Reuben sons na: Hanok, Pallu, Hezron and Karmi.

10 Simeon sons na: Jemuel, Jamin, Ohad, Jakin, Zohar and Shaul (di pikin
wey one Kanaan woman born for am). 11 Levi sons na: Gershon, Kohat
and Merari.

12 Judah sons na: Er, Onan, Shelah, Perez and Zera (But Er and Onan die
for Kanaan land). Perez sons na Hezron and Hamul.

13 Issakar sons na: Tola, Puah, Jashub and Shimron.

14 Zebulun sons na: Sered, Elon and Jahleel.

15 All dis na di shidren wey Leah born for Jakob for Paddan Aram, with
Dinah en dota. All en sons and dotas na thirty-three.

16 Gad sons na: Zifion, Haggi, Shuni, Ezbon, Eri, Arodi and Areli.

17 Asher sons na: Imnah, Ishvah, Ishvi, Beraya and Serah wey bi dia
sista. Beraya sons na Heba and Malkiel.
18 All dis na di shidren wey Leah savant, Zilpah born. E born dem for
Jakob and all of dem na sixteen.
19 Jakob wife Rashel born only: Josef and Benjamin. 20 Dem born
Manasseh and Efraim give Josef for Egypt. Potifara wey bi priest for
On, na en dota Asenat born dem for Josef.
21 Benjamin sons na: Bela, Beka, Ashbel, Gera, Naaman, Ehi, Rosh,
Muppim, Huppim and Ard.
22 All dis na Rashel sons wey dem born give Jakob and dem bi fourteen.
23 Dan son na: Hushim.
24 Naftali sons na: Jahziel, Guni. Jeza and Shillem.
25 Dis na di shidren wey Rashel savant, Bilhah born. E born all of dem for
Jakob and dem bi seven.
26 All Jakob main shidren wey follow am go Egypt, na sixty-six dem bi.
(Jakob shidren wife dem nor dey join dis nomba.) 27 If wi kount di two
sons wey dem born give Josef for Egypt, all di pipol wey Josef get for Egypt
kon bi seventy.

### *Jakob And En Family Stay Egypt*

28 Jakob kon send Judah for front go tell Josef make e kon follow am go
Goshen. So dem kon rish Goshen land. 29 Josef klimb en shariot kon go
meet en papa Israel, for Goshen. Wen e meet am, e hug am kon bigin kry.
30 Israel kon tell Josef, "As long as I don si yor face kon know sey yu dey
alive, I fit die naw."
31 Den Josef tell en brodas and evribody wey dey en papa house sey,
"I go-go tell Fero sey, 'My brodas and my papa family wey bin dey for
Kanaan, don kom follow mi stay. 32 Di men sabi guide animal; dem dey
kare for animals well-well. Dem kom with dia animals, plants and evritin
wey dem get.' 33 Wen Fero koll and ask una sey, 'Na wetin una dey do?'
34 Den make una tell am sey, 'Yor savants dey kare for animals since wi bi
small pikin kon rish naw, both wi and awa papa.' Make una tok like dat,
so dat una go fit stay for Goshen land, bikos Egypt pipol nor like pipol wey
dey kare for animals."

## 47

### *Jakob Bless Fero*

1 Josef kon go tell Fero sey, "My papa, my brodas, dia animals and evritin
wey dem get don kom from Kanaan. Dem dey for Goshen."
2 Josef take five among en brodas kon introduce dem to Fero. 3 Fero kon
ask Josef brodas, "Na wetin una dey do."

Dem ansa, "Yor savants dey kare for animals, just as awa grand-grand
papa dem do." 4 Den dem tell Fero, "Wi just won stay for dis land for
sometaim. Wi nor get food for awa animals, bikos of di honga for di whole
Kanaan. So wi beg, make yu let wi yor savant stay for Goshen."
5 So Fero tell Josef, "Na yu yor papa and brodas kom meet. 6 Egypt dey
yor hand, so make yu do as yu like to yor papa and brodas. Dem fit stay
for Goshen and if yu know any strong one among dem, yu fit gi-am my
animals make e guide dem."

7 Den Josef take en papa Jakob go meet Fero. Jakob kon bless Fero. 8 Fero
ask Jakob, “How many years yu don spend for dis life?”

9 Jakob ansa Fero, “I don stay for more dan one hundred and thirty years.
And all di years wey I don spend for dis life nor many, but e nor dey eazy;
di years wey I don stay, nor many rish di years wey my grand-grand papa
dem stay.” 10 Den Jakob bless Fero kon komot from der.

11 So Josef make en papa and brodas setol down. E give dem one aria
for Egypt, di best aria for di land; wey bi Rameses land, just as Fero tok.
12 Josef still provide food for en papa, en brodas, all en papa pipol, akordin
to di shidren wey dem get.

### *Honga Time*

13 But food nor dey di land again, bikos di honga for evriwhere, strong
well-well. So pipol kon die anyhow for Egypt and Kanaan land, bikos food
nor dey. 14 Egypt and Kanaan pipol don use all dia money take buy food
finish, so Josef kollect and karry all di money go give Fero for en palis. 15 So
wen Egypt and Kanaan pipol don use all dia money take buy food finish,
all di pipol for Egypt kon go meet Josef dey sey, “Make yu give us food!
Abi yu wont make wi die for yor front, bikos awa money don finish?”

16 Den Josef sey, “If una money don finish, make una bring una animals
kon give mi and I go give una food.” 17 So dem bring all dia animals kon
give Josef and Josef give dem food afta dem don drop dia horse, sheep and
kattle. E save dem dat year, bikos e still dey give dem food chop wen dem
bring dia animals.

18 Wen dat year don finish, dem kon meet am di next year dey sey, “Wi
nor fit hide am from awa oga sey di money and all awa animals don finish.
19 Wetin go make us die for yor eye; both wi and awa land. Make yu buy
wi and awa land and wi and awa land go bi Fero own. Just give us food,
so dat wi nor go die. Den di land nor go dey empty.”

20 So Josef buy all di land for Egypt kon gi-am to Fero. Evribody for Egypt
sell dia field, bikos di honga dey strong evriday. So all di land for Egypt
kon bi Fero own. 21 So Josef kon make evribody for Egypt turn slave. 22 But
e nor buy di priests land, bikos di priests get favor from Fero eye, so dem
dey chop from di share wey Fero give dem. Dat na why dem nor sell dia
land.

23 Josef kon tell di pipol, “Since I don buy una and una land for Fero,
make una take seed kon go plant for di land. 24 Wen una don harvest wetin
una plant, make una divide am into ten kon give five part to Fero and una
with una family fit chop di rest.”

25 Dem ansa, “Yu don save awa life! Yu don show us favor and wi go
bi Fero savants.” 26 So wetin Josef tok kon bi law for Egypt and dem dey
obey am kon rish today: wen dem divide evritin, five part na Fero own.
Na only di priests land nor bi Fero own.

### *Jakob Tok To Josef*

27 Israel stay for Egypt, for Goshen and dem kon get land for der. 28 Jakob
stay seventeen years for Egypt; so all di years wey Jakob stay, na one
hundred and forty-seven years. 29 Di time wey Israel won die kon rish, so
e koll en pikin Josef kon tell am, “If really sey yu love mi, make yu put yor
hand under my lap kon show mi kindness and faithfulnes. Make yu nor

beri mi for Egypt, 30 but wen I die, karry mi komot from Egypt go beri for
my papa burial groun.” So Josef sey, “Papa! I go do as yu tok.” 31 Israel
sey, “Make yu promise mi sey yu go do as I tok.” So Josef promise. Den
Israel bow face groun for en bed korna.

# 48

*Manasseh And Efraim*

1 Afta dis, dem kon tell Josef, “Yor papa nor dey strong again.” So e take
en two sons, Manasseh and Efraim go meet am. 2 Wen dem tell Jakob sey,
“Yor pikin Josef don kom meet yu,” e kon get up sidan for en bed.

3 Jakob tell Josef, “Di God wey get pawa appear to mi for Luz wey dey
Kanaan land kon bless mi. 4 E tell mi sey, ‘I go make yu get shidren and
propaty and dem go many well-well. I go make many nashons kom from
yu and I go give dis land to yor shidren-shidren as dia own forever.’ 5 Naw,
koncerning yor two pikin wey yu born for Egypt before I kom here, dem
go mi my own. Just as Efraim and Manasseh bi my own, na so Reuben and
Simeon go bi my own too. 6 But any pikin wey yu go born afta dem, go bi
yor own; wen dem won share di propaty for di promise land, dia name go
dey under Manasseh and Efraim name. 7 But for mi, wen I dey kom back
from Paddan, Rashel die kon make mi kry for Kanaan. E die for road, wen
wi still dey far from Efratah. So I beri am for di road wey dem dey pass
go Efrat (wey bi Betlehem naw).”

8 Wen Jakob si Josef sons, e kon ask, “Na who bi dis?”

9 Josef tell en papa, “Dem bi di pikin wey God don give mi for dis place.”

En papa kon sey, “Bring dem kom meet mi, so dat I go bless dem.”

10 For dis time, Jakob nor dey si well again, bikos e don old well-well. So
Josef take en sons near am well-well and en papa hold dem near en body
kon kiss dem. 11 Israel tell Josef, “I nor bilive sey I go si yu again, but naw,
God don let mi even si yor shidren too.”

12 So Josef take dem komot from Israel leg kon bow face groun. 13 Josef
arrange dem; e use en rite hand take direct Efraim go Jakob left hand kon
use en left hand direct Manasseh go Jakob rite hand. Den Josef take dem
go meet en papa. 14 Israel take en rite hand put am on-top Efraim head,
even doh na en bi di yonga one. As e cross en hand, e kon put di left hand
on-top Manasseh head, but na Manasseh bi first-born.

15 Den Israel bless Josef kon sey,

“Make di God wey yor grand-papa
 Abraham and Isaak serve;
di God wey dey guide mi
since thru-out my life kon rish today;
16 di Angel wey don protet mi from all wahala,
 bless dis boys.
My name and my papa Abraham and Isaak name
 go shine for dia life.
Dia shidren go many
 like san-san for dis eart.”

17 Wen Josef si sey en papa put en rite hand for Efraim head, e nor happy.
So e try remove en papa rite hand from Efraim head go Manasseh head.

18 Josef tell en papa, “My papa, nor bi so, na Manasseh bi first-born, so
make yu put yor rite hand for en head.”
19 But en papa sey, “My pikin, I know; I know wetin I dey do. Manasseh
too go bi strong nashon and e go dey great. But even with all dis, en yonga
broda go strong pass am and en shidren-shidren go many like san-san.”
20 So Israel bless dem dat day kon sey, “Na thru una Israel pipol go dey
bless wen dem sey, ‘Make God bless us like Efraim and Manasseh.’ ”
21 Den Israel tell Josef, “Na die I dey so, but God go dey with yu and e go
take yu go back to yor papa land. 22 Bikos yu dey higher dan yor brodas,
I go give yu di low side for di mountin wey I take from Amor pipol with
my swod and bow.”

# 49

*Jakob Blessing*

1 Den Jakob koll all en sons kon sey, “Make all of una kom, so dat I go
tell una wetin go happen for future.
2 “Make una listin to mi, una wey bi Jakob shidren;
make una listin to Israel wey bi una papa.

3 Reuben, na yu I first-born,
my strent and di first fruit wey I plok.
Na yu bi di nomba one,
both for rank and pawa.
4 But yu dey skata tins like wota,
so yu nor go prosper,
bikos yu sleep with yor papa wife for my bed!

5 Simeon and Levi na brodas,
dem like war and trobol well-well!
6 Make I neva ever join dia meetin
or go where dem for gada dey make plan.
Bikos as dem dey vex,
dem kill many pipol
kon break animals leg just as dem like.
7 I curse dia wiked mind,
bikos e too strong and dia annoyance,
bikos e dey bad well-well.
I go divide dem inside Jakob family
kon skata dem among Israel pipol!

8 Yu Judah, yor brodas go praiz yu.
Yor hand go strong pass yor enemy own.
Yor papa sons go bow down for yu.
9 Judah my pikin,
yu bi yong lion
wey just chop wetin e kill finish.
Yu dey kill like lion
kon kwayet dey look;
yu bi like woman lion,
na who go fit fight am?
10 Di pawa rod nor go komot from Judah

and di pawa to take rule,
go always dey en leg,
until e go rish di pesin wey really get am
and evribody go obey yu.
11 E tie en donkey put for di vine,
di vine wey e choose.
Na wine e take dey wosh en klot
and na grape e take dey wosh en garment.
12 En eyes dark pass wine
and en tit white pass milk.

13 Zebulun go dey stay near di sea
and e go dey kontrol many sheep for di sea,
en land go long go rish Sidon.

14 Issakar na very strong donkey
wey dey rest on-top two strong bags.
15 Wen e si how di kountry side bi
and how di land good,
e go fit bear di load wey e karry
kon bi savant to odas.

16 Dan go rule pipol
like any oda tribe for Israel.
17 Dan go bi like snake wey dey di road korna;
like betta wiked snake wey dey bite horse leg,
so dat who dey ride am go fall.
18 My Oga God, I trust Yu sey, Yu go save mi!

19 Pipol wey dey tif, go attack Gad,
but e go attack dem wen dem don go back.

20 Na rish-rish food Asher go dey chop
and e go dey provide betta food for kings.

21 Naftali go bi like animal wey dey free;
di words wey e go tok,
go dey good well-well.

22 Josef na betta vine wey dey produce good food;
betta vine wey dem plant near wota
and en branches dem dey klimb di wall.
23 Hunta go attack am,
dem go shot and oppoz am.
24 But en bow go dey strong
and e nor go move
and e hand go sabi work
bikos of Jakob God, di Shepad,
wey bi di Rock for Israel,
25 una papa God wey go help una,
di God wey get pawa wey go bless una

with di blessing wey dey di sky for up;
di Pesin wey get blessings wey dey wota
and under di eart and even di ones from animals.
26 Una papa blessing dey great pass
all di blessings wey
dey from di mountins go rish di hills.
Dis blessings go rest for Josef head,
bikos e bi prince among en brodas.

27 Benjamin go bi like wolf
wey dey skata en enemy.
For morning, e dey distroy wetin e katch
and for evening, e dey divide wetin e katch."
28 Dis na di twelf tribes for Israel. Dis na wetin dia papa tell dem wen e
dey bless dem. E bless all of dem as e suppose bless dem.

*Jakob Die*

29 Den Jakob kommand sey, "I go soon die. So, make una beri mi with
my papa dem for di grave wey dey Efron field for Hit land. 30 Na di grave
wey dey Makpelah field for Mamre land for Kanaan, wey Abraham buy as
burial groun from Efron wey bi Hit pesin. 31 Na der dem for beri Abraham
and en wife Sarah; na der two dem for beri Isaak and en wife Rebekah
and na der I for beri Leah. 32 Dem buy di field and di grave wey dey inside
from Het shidren." 33 Wen Jakob don kommand all en sons finish, e karry
en leg well enter di bed, breath en last breath, den e kon die.

# 50

*Dem Beri Jakob*

1 Den Josef kiss en papa for face kon kry well-well, bikos of am. 2 Josef
kon tell di doctor sey make e dress di dead body, so di doctor kon dress
Israel (wey bi Jakob). 3 E dress am well, so dat di body go fit dey der for
forty day, bikos dat na di normal time wey di body suppose last. Egypt
pipol use seventy days take mourn for am. 4 Wen dem don mourn finish,
Josef kon tell Fero ofisas, "If really sey una like mi, make una tell Fero sey,
5 'My papa make mi swear wen e sey, "I go soon die. Make yu beri mi for
di grave wey I dig for mysef for Kanaan." Naw make I go beri my papa;
den I go kom back.' "
6 So Fero sey, "Make yu go beri yor papa, just as e make yu swear sey yu
go do." 7 So Josef go beri en papa and all Fero ofisas follow am go; from
di senior ofisas go rish di oda ones for di hold Egypt, 8 Josef family, en
brodas and en papa family. But dem leave di small-small shidren and dia
animal for Goshen. 9 War horse and di driver still follow am go, so pipol
wey follow am many well-well.
10 Wen dem rish Atad aria for di oda side for Jordan River, dem mourn
and kry for der well-well. Na for der Josef for mourn seven days for en
papa. 11 Wen Kanaan pipol wey dey stay di land si dem dey mourn for
Atad, dem kon sey, "Wetin happen nor good at-all for Egypt pipol." Dat
na why dem dey koll di place Abel Mizraim and e dey afta Jordan River.
12 So Jakob shidren do for am, just as e kommand dem before. 13 En sons
karry am go Kanaan kon beri am for di grave wey dey Makpelah field near

Mamre. Dis na di field wey Abraham buy as burial groun from Efron wey
bi Hit pesin. 14 Afta Josef don beri en papa, e kon go back to Egypt with
en brodas and evribody wey follow am.

### *Josef Promise En Brodas*

15 Wen Josef brodas si sey dia papa don die, dem kon sey, "Wot of if
Josef still dey vex and e kon sey e go ponish us for evritin wey wi do am?"
16 So dem kon go tell Josef sey, "Yor papa give dis kommand before e die
sey: 17 'Make una tell Josef: "Make yu forgive yor brodas dia sins and di
bad tins wey dem do yu." ' Naw make yu forgive di sins wey yor broda
God savant, kommit." Wen dem tell Josef di message, Josef kry well-well.
18 Den en brodas kom fall for en front dey sey, "Na wi bi dis and wi bi yor
savants."
19 But Josef ansa dem, "Make una nor fear. Na God know wetin E won
do. 20 Even doh una mind na to kill mi, but God let am bi like dat, make
betta tins for happen, so dat many pipol go dey save as una dey si today
so. 21 So, make una nor fear. Evritin wey una wont, I go give una and una
shidren and family." Den e follow dem tok well.

### *Josef Die*

22 Josef stay for Egypt with en papa family. Josef stay for one hundred
and ten years. 23 Josef si Efraim shidren-shidren. E still si Manasseh pikin
Makir and en shidren; Josef give dem betta land and propaty.
24 Den Josef tell en brodas, "Na die I dey so. But God go true-true kom
meet and take una go di land wey E promise sey E go give Abraham, Isaak
and Jakob."
25 Josef kon make Israel pipol swear. E tell dem, "God go really kom meet
una. Den una must karry my bones follow body komot from dis place."
26 So Josef die wen e bi one hundred and ten years. Afta dem don dress
en body dem kon put am for one koffin for Egypt.

# Exodus
## Introdushon

Exodus, Levitikus and Nombas (wey follow Jenesis) na books wey tok about how God start Israel nashon as part of en special plans for di whole world. Wen Israel pipol bi slave for Egypt, God kon show en strong pawa to Fero for Egypt, thru Moses, as God won diliver dem komot from Egypt. For Mount Sinai, God give di Ten Kommandments to Moses. Israel pipol build di Tabanako, so dat God go stay with dem. Den di pipol kon travel for di wildaness go rish Kanaan pipol land. Di main part for di book diskribe all di place wey Israel pipol stay wen dem dey travel inside di wildaness. Di main place dem rish na Mount Sinai and for der, God give Moses en laws for di pipol.

### *God Bless Israel Pipol For Egypt*

1 Dis na Jakob shidren wey follow am go Egypt and each one karry en
family follow body: 2 Reuben, Simeon, Levi, Judah, 3 Issakar, Zebulun,
Benjamin, 4 Dan, Naftali Gad and Asher. 5 Jakob family for Egypt, na
seventy (Josef don already dey Egypt before dem kom).

6 Afta sometaim, Josef, en brodas and doz wey bi dia age mate kon die.
7 So Israel pipol kon plenty and dey strong for di land. 8 Den one new
king wey nor know Josef kon dey rule Egypt. 9 So di king kon tell en pipol,
"Make una si, Israel pipol dey plenty and dem strong pass us! 10 Make wi
handle dem with sense, if not, dem go dey plenty more-more and if war
happen naw, dem go join awa enemies fight us, den dem go run komot
from dis land."

11 So dem kon dey sofa and ponish Israel pipol. Na Israel pipol build
Pitom and Rameses as di place wey Fero go dey keep tins put. 12 But even
as Egypt pipol dey opress Israel pipol, dem still dey plenty more-more for
di land and Egypt pipol kon dey fear dem well-well, 13 so dem kon dey
ponish Israel pipol anyhow. 14 Egypt pipol make life taya Israel pipol with
di kind hard work wey dem dey do with mortar, stones and all di work
for di field.

15 Di king wey dey rule Egypt kon tell Shifrah and Puah wey bi di Hibru
nurse sey; 16 "Anytime wen una dey help di Hibru wimen wey won born,
if una si sey di pikin na boy, make una kill-am, but if na girl, make una
nor kill-am." 17 But di nurse dem dey fear God and dem nor gri do wetin
di king tell dem, so dem nor kill di boys.

18 Den di king koll di nurse kon ask, "Why una do dis kind tin? Why una
nor kill di boys?"

19 Di nurse ansa Fero, "Hibru wimen nor bi like Egypt wimen; dem strong
well-well and before wi go even rish der, dem don born!"

20 So God favor di nurse dem and Israel pipol kon dey plenty and strong.
21 Bikos di nurse dem dey fear God, Oga God kon give dem dia own family.

22 So Fero kommand en pipol, "Make una go kill any boy wey dem just
born kon trow dem inside River Nile, but make una leave all di girls."

# 2

*Dem Born Moses*

1 For dis time, one man from Levi tribe marry one woman wey kom
from di same tribe. 2 Di woman get belle kon born boy. Wen e si sey di
pikin fine well-well, e kon hide am for three mont, 3 but as e nor fit hide
am again, e take basket wey dem make with soft wood kon wrap am, so
dat wota nor go enter inside. E put di pikin inside kon put am near di
grass dem wey dey River Nile korna. 4 Di boy sista stand for far dey look,
so dat e go si wetin go happen to am.
5 Den Fero dota kom di river kon baf and as en savants dey waka for di
river korna, at wons di king dota kon si di basket for where di grass dem
dey. So e send one among en savants go bring am kom. 6 Wen e open di
basket, e kon si di boy inside dey kry. Fero dota sorry for di pikin kon sey,
"Dis go bi one Hibru woman pikin."
7 Den di pikin sista kon ask Fero dota, "Yu wont make I go find one
woman among di Hibru wimen wey go fit kare for dis pikin for yu?"
8 Fero dota ansa, "Make yu go." So di yong girl kon go bring di pikin
mama kom.
9 Fero dota tell di woman, "Go take kare of dis pikin for mi and I go pay
yu for di work." So di pikin mama karry am kon go kare for am.
10 Wen di pikin don big rish, di woman kon karry am go give di king
dota as en pikin and e name am, "Moses" bikos e sey, "Na wota I for si
am."

*Moses Run Go Midian*

11 Wen Moses don mature, e komot go visit en Hibru pipol. For der, e
kon si how en pipol dey sofa, bikos of di work wey dem dey do. Den Moses
si as one Egypt man dey beat one Hibru man wey bi en own pesin. 12 As
Moses si sey nobody dey look dem, e attack, kill and beri di Egypt man.
13 Wen e kom outside di next day, e si two Hibru men dey fight. So e kon
tell di one wey do bad sey, "Wetin make yu dey beat yor broda like dat."
14 Di man ansa, "Who sey make yu kom judge us? Yu dey plan to kill mi
as yu take kill dat Egypt man?"
Den Moses kon dey fear, so e tink kon sey, "True-true, pipol don know
wetin I do." 15 Wen Fero hear about di matter, e kon dey fine Moses make
e kill-am.
So Moses run from Fero go Midian land kon go stay near one well.
16 Naw, Midian priest get seven girls wey dey kom draw wota from di
well to take feed dia papa animals. 17 So some shepad kom drive di girls
komot from di well, but Moses fight for dem kon give dia animals wota.
18 Wen di girls rish house, Jetro, dia papa kon ask, "Wetin make una
kwik kom house today?"
19 Dem ansa, "Na one Egypt man save us from doz shepad, den e draw
wota for us kon still give di animals drink."
20 Di man ask en dotas, "Na where dis man dey and wetin make una
leave am for der? Make una go koll am kom, so dat e go follow us chop
today."
21 Moses agri to stay with dem and di man kon give en dota, Zipporah to
Moses as en wife. 22 Moses wife born boy and Moses koll am, "Gershom"
bikos e sey, "Na strenja I bi for dis land."

*God Koll Moses*

23 Afta sometaim, Egypt king kon die, but Israel pipol still dey kry, bikos
dem dey sofa well-well. So dem kry well-well to God for heaven. 24 God
hear dia kry and E remember en kovenant wey E make with Abraham,
Isaak and Jakob. 25 God si as dem dey sofa, so E kon dey sorry for dem.

# 3

*God And Moses*

1 One day wen Moses dey kare for di sheep and goat wey bi en wife
papa, Jetro wey bi priest for Midian own, e kon karry di animals go far
for anoda side for di wildaness till e rish di holy mountin for Horeb. 2 Den
God angel appear to am like fire for inside di bush. Wen Moses look, e si
sey di fire dey katch, but di bush nor dey burn! 3 So Moses tok for en mind
sey, "I neva si dis kind tin before. I go waka near kon si why di bush nor
dey burn?"

4 Wen God si sey Moses don near di bush, E kon koll am, "Moses, Moses!"
Den Moses ansa, "I dey here."

5 God tell am, "Make yu nor waka near dis place. Remove di shoe wey
dey yor leg, bikos di groun wey yu stand put so, dey holy." 6 E still tell
am, "Na mi bi yor papa Abraham, Isaak and Jakob God." Den Moses hide,
bikos e dey fear to look God face.

7 God kon tell am, "True-true, I don si how my pipol dey sofa for Egypt.
I don hear dia kry for help and I know how dia sofa big rish. 8 I don kom
diliver dem from Egypt pipol, den karry dem go anoda land wey dey good
and big. Di land wey milk and honey dey flow for di aria where Kanaan,
Hit, Amor, Periz, Hiv and Jebus pipol dey stay. 9 True-true, Israel pipol kry
don rish my ear and I don si how Egypt pipol dey sofa and opress dem.
10 So naw, make yu go, bikos na mi dey send yu go meet Fero and make
yu take my pipol Israel, komot from Egypt."

11 But Moses tell God, "Na who I bi to go meet Fero or to karry Israel
pipol komot from Egypt?"

12 God ansa am, "True-true, I go dey with yu and dis go bi di sign to show
sey na mi send yu: wen yu take di pipol komot from Egypt, yu and dem
go kom serve mi for dis mountin."

13 But Moses ansa God, "If I go meet Israel pipol kon tell dem, 'Na una
grand-grand papa God send mi kom meet una.' Den dem ask mi, 'Wetin
bi en name?' Na wetin I go ansa dem?"

14 God ansa, "I BI WHO I BI. Dis na wetin yu go tell dem, 'Na di God wey
bi who E bi send mi kom meet una.' " 15 God still tell Moses, "Yu must
tell Israel pipol sey, 'God wey bi una grand-grand papa God; di Pesin wey
bi Abraham, Isaak and Jakob God, na-im send mi kom meet una.' Dis na
my name forever and dis na wetin pipol go take remember mi from one
generashon go rish anoda.

16 "So make yu go gada di eldas for Israel kon tell dem sey, 'God wey bi
una grand-grand papa dem, Abraham, Isaak and Jakob God appear to mi
kon sey, "I don kom meet una and I si as una dey sofa. 17 I don promise sey
na from Egypt where una dey sofa naw, I go for take karry una go take-ova
Kanaan, Hit, Amor, Periz, Hiv and Jebus pipol land, di place where milk
and honey full." '

18 “Di eldas go agri with yu, so yu and di eldas for Israel must go si Egypt
king kon tell am, ‘God, wey bi Hibru pipol God don kom meet us. Naw,
make yu allow us travel for three days go inside di wildaness, so dat wi go
fit go offa sakrifice give di Oga awa God.’
19 “But I know sey Egypt king nor go let una go, unless I force am. 20 So
I go use my hand skata Egypt with all di wonders wey I go do among dem
and afta all doz tins, e go let una go. 21 I go make Egypt pipol favor una, so
dat una go karry tins follow body wen una dey komot from di land. 22 All
di wimen for Israel go ask dia neighbour and Egypt neighbour for gold,
silva and fine-fine klot. Una and una shidren go wear dem and like dis,
una go finish all di tins wey Egypt pipol get!”

# 4

*God Show Moses En Pawa*

1 Moses ansa again, “Na wetin I go do if dem nor bilive or listin to mi,
but kon dey sey, ‘God nor appear to yu’?”
2 So God ask Moses, “Wetin dey yor hand?”
E ansa, “Na stik.”
3 God tell am, “Make yu trow am for groun.” So Moses trow di stik for
groun and e turn to snake, den Moses run komot der.
4 But God tell am, “Make yu hold am for en tail.” So e hold am for en
tail and di snake kon turn stik for en hand.
5 God sey, “Dis na wetin yu go do, so dat Israel pipol go bilive sey na
di Oga God wey bi dia grand-grand papa, Abraham, Isaak and Jakob God,
appear to yu.”
6 God still tell am, “Make yu put yor hand inside yor dress.” So e put en
hand inside en dress and wen e bring am kom out, e kon get diziz and di
hand dey white like snow! 7 God tell am, “Put yor hand back inside yor
dress.” So e put am back, den e bring am kom out and di hand kon dey
okay again.
8 So God sey, “If dem nor bilive yu or bilive di first sign, dem go bilive
dis sekond one. 9 And if dem nor bilive dis two signs or listin to yu, make
yu take small wota from River Nile kon pour am for dry groun. Den di
wota wey yu fetch from di river go turn to blood as yu dey pour am.”
10 Den Moses tell God, “My Oga God, Yu know sey I nor sabi tok well
since dem born mi kon rish naw wey Yu dey tok to mi, yor savant.”
11 God ask am, “Na who give man mout or na who dey make pesin fit
tok, hear or si? Nor bi mi wey bi God? 12 Naw, make yu go and I go help
yu tok kon tell yu wetin yu go tok.”
13 But Moses sey, “My Oga God, abeg make Yu send anoda pesin wey Yu
go like to send.”
14 Den Oga God kon dey vex with Moses, so E ask am, “Wot about yor
broda Aaron wey kom from Levi tribe? I know sey e sabi tok well-well. E
dey kom meet yu and wen e si yu, e go happy well-well. 15 Den yu go tell
am wetin e go tok. As for mi, I go tok thru una and I go tish two of una
wetin to do. 16 E go help yu tok to di pipol and e go bi like sey naim bi yor
mout and yu go bi like God to am. 17 Yu go still karry di stik follow body,
bikos naim yu go take do many signs and wonders.”

*Moses Go Egypt Back*

18 Den Moses go back go meet en wife papa, Jetro kon tell am, “Make yu allow mi go back to my family for Egypt kon shek if dem still dey alive.” Jetro ansa Moses, “Make peace follow yu go.”

19 God tell Moses for Midian, “Make yu go Egypt back, bikos all di pipol wey get mind to kill yu, don die.”

20 Den Moses take en wife and pikin, karry dem put on-top donkey kon go Egypt. Moses hold di stik wey God gi-am for en hand.

21 God tell Moses, “Wen yu go back to Egypt, yu must do all dis mirakle
and sign for Fero front, bikos I don put pawa for yor hand. But I go make
Fero heart strong well-well and e nor go gri free my pipol. 22 Yu must tell
Fero, ‘God sey, Israel na my first pikin 23 and I tell yu sey, “Make yu allow
my pikin dem go, so dat dem go-go serve mi, but since yu nor gri make
dem go, I go kill yor own son!” ’ ”

24 Naw, nite meet dem for road, so dem stop for one house kon sleep der.
For nite wen dem dey sleep, God won kon kill Moses for di place. 25 But
en wife Zipporah kut en son skin with knife kon take am tosh Moses leg,
den e sey, “True-true, I don take yu from deat hand and yu bi my husband
wey I marry with blood.” 26 So God leave Moses. (From dat time, en wife
kon dey koll am, “Blood husband” and e take am mean sekonsishon.)

27 God tell Aaron, “Make yu go di wildaness go meet Moses.” So Aaron go
der go meet am for God mountin kon kiss am. 28 Moses tell Aaron evritin
wey God tell am and all di mirakle and sign wey God kommand am sey
make e do.

29 Den Moses and Aaron kon go gada all di eldas for Israel togeda.
30 Aaron tell dem wetin God tell Moses and Moses do di mirakles and
signs for di pipol front, 31 so di pipol bilive Moses. Wen dem hear sey God
don kom save Israel pipol and E don si as dem dey sofa rish, dem kon bow
woship am.

# 5

*Moses and Aaron Go Meet Fero*

1 Den Moses and Aaron go meet Fero kon tell am, “Israel God sey, ‘Make yu allow my pipol travel go di wildaness go woship and honor mi.’ ”

2 But Fero ask dem, “Who bi dis God wey go make mi fear am kon let Israel pipol go? I nor know am, so I nor go let Israel pipol go.”

3 Moses and Aaron kon sey, “Hibru pipol God don show ensef to us. So make yu allow us go di wildaness for three days go do sakrifice to awa God, so dat E nor go kill us with sickness or war.”

4 Den di king tell dem, “Moses and Aaron, na una dey make di pipol nor
gri do dia work, abi? Make una go back go kontinue una work. 5 Una
pipol don too many for dis land pass Egypt pipol. And naw, una wont stop
work.”

6 For dat di same day, Fero kon kommand di slave oga dem sey, 7 “Make
una stop to give di pipol wetin dem take dey make block. But make only
dem go find kon make block. 8 And una go force dem make plenty block,
just as dem dey do before. Na bikos dem nor get enough work naim make
dem dey kom ask mi sey, ‘Make yu let us go sakrifice give awa God.’ 9 Make
una give dem strong work, so dat dem nor go get shance to listin to lie-lie
word!”

10 So all di slave oga kon go tell Israel pipol, “Fero sey: ‘I nor go give una
wetin dem take dey make block again. 11 But na only una go-go find dem
and di block wey una go make must bi di same as before.’ ” 12 So di pipol
kon bigin waka for inside Egypt dey find wetin dem take dey make block.
13 Di slave oga still dey force and tell dem, “Una must finish evriday
work, just as e bi wen wi dey give una dry stik take work!” 14 Fero pipol
kon bigin beat Israel pipol wey dem take do oga ova dia own pipol, den
dem ask dem, “Why una nor komplete una work yestiday and today, just
as una dey do before?”
15 Israel pipol wey dem take do oga ova dia own pipol kry go meet Fero
kon sey, “Why yu dey sofa yor savants like dis? 16 Dem nor gri give us,
yor savants dry stik, instead dem dey beat and tell us sey make wi make
plenty block, even doh na dem dey wrong.”
17 Den Fero ansa, “Una lazy and nor won work, if not una nor go sey,
‘Make yu allow us go sakrifice give awa God.’ 18 So make una go back go
work. Dem nor go give una dry stik again and una must still make di block
rish as una dey do am before!”
19 Israel pipol wey dem take make oga ova dia own pipol kon know sey
dem don enter trobol as di king sey, “Una must make di block rish as una
bin dey do am.” 20 Afta dem leave Fero, dem kon go meet Moses and Aaron
wey bin dey wait for dem kon 21 sey, “Make God judge una, bikos una don
make di king and en workers hate us and una don give dem shance to kill
us!”

### *Moses Cry Give God*

22 Moses go back go meet God kon sey, “God! Why Yu kon kause trobol
for dis pipol? Wetin make Yu send mi kom? 23 Since I go tok to Fero with
yor name, di kind sofa wey e dey sofa yor pipol kon worse pass as e bi
before and Yu neva still kom save dem!”

## 6

### *God Koll Moses*

1 Den Oga God tell Moses, “Naw, yu go si wetin I go do Fero. I go force
am make e allow my pipol go. I go use my pawa take make am drive my
pipol komot from dis land.” 2 So God tell Moses, “Na mi bi Oga God. 3 ‘Na
mi appear to Abraham, Isaak and Jakob as di Almighty God, but di pipol
nor know sey my name na Oga God,’ too. 4 I still make kovenant with dem
kon promise sey, ‘I go give dem Kanaan pipol land, where dem stay as
strenja.’ 5 Naw, I don hear Israel pipol kry, bikos of how Egypt pipol dey
sofa dem and I don remember my kovenant.
6 “So tell Israel pipol sey, ‘Na mi bi Oga God and I go remove di load wey
Egypt pipol put for dia head and dem nor go bi slave again. Na my pawa
I go take save una and I go ponish Egypt pipol. 7 I go take una as my pipol
and I go bi una God. Den una go know sey na mi bi di Oga wey bi una God.
Di One wey save una from Egypt pipol hand wen dem dey sofa una. 8 I go
take and give una di land wey I promise sey I go give Abraham, Isaak and
Jakob. Na mi bi Oga God!’ ”
9 Moses tell Israel pipol dis tins, but dem nor listin to am, bikos of dia
sofa.
10 Den God tell Moses, 11 “Make yu go tell Fero wey bi Egypt king sey e
must free Israel pipol from en land.”

12 But Moses ansa, “If Israel pipol nor gri listin to mi, den how Fero go kon take listin to mi, since I nor dey fit tok well?”

13 God kon kommand Moses and Aaron about Israel pipol and E sey make dem tell Fero wey bi king for Egypt sey make e free Israel pipol from en land.

### *Moses And Aaron Family*

14 Dis na di head for di difren family for Israel:

Reuben wey bi Israel first pikin, born Hanok, Pallu, Hezron and Karmi. Na dis pipol bi Reuben family.

15 Simeon shidren na Jemuel, Jamin, Ohad, Jakin, Zohar and Shaul wey en mama kom from Kanaan. Na dis pipol bi Simeon family.

16 Levi shidren akordin to dia rekord na Gershon, Kohat and Merari. (Levi stay for one hundred and thirty-seven years.)

17 Gershon shidren akordin to dia family, na Libni and Shimei.

18 Kohat shidren na Amram, Izhar, Hebron and Uzziel. (Kohat stay for one hundred and thirty-three years.)

19 Merari shidren na Mahli and Mushi.

Na dis pipol kon bi Levi family akordin to dia rekord.

20 Amram marry en papa sista, Jokebed and e born Aaron and Moses. (Amram stay for one hundred and thirty-seven years, before e die).

21 Di shidren wey Izhar born na Korah, Nefeg and Zikri.

22 Uzziel shidren na Mishael, Elzafan and Sitri.

23 Aaron marry Elisheba wey bi Amminadab dota and Nahshon sista. Di woman born Nadab, Abihu, Eleazar and Itama for Aaron.

24 Korah pikin na Assir, Elkanah and Abiasaf. Na dis pipol bi Korah family.

25 Naw, Eleazar wey bi Aaron pikin marry one among Putiel dota and e born Finehas for Eleazar.

Na all dis pipol kon bi Levi tribe.

26 Na dis Aaron and Moses, God still tell sey, “Make una take Israel pipol
komot from Egypt.” 27 Na dem bi di men wey tok to Fero, so dat dem go
fit take Israel pipol komot from Egypt.

### *God Kommand Moses And Aaron*

28 Wen God tok to Moses for Egypt, 29 E tell am, “Na mi bi di Oga, yor
God. All di tins wey I dey tell yu since, make yu go tell Fero wey dey rule
Egypt.” 30 But Moses ansa, “Since I nor fit tok well, how Fero go take listin
to mi?”

# 7

1 So God tell Moses, “Si, I don turn yu to god for Fero front and yor
broda, Aaron go bi yor profet. 2 Yu go tell am all di tins wey I tell yu and
yor broda Aaron go tell Fero sey e must free Israel pipol. 3 But I go make
Fero heart strong, even with all di signs and wonders wey I go do take
warn am. 4 Fero nor go gri listin to una. So I go ponish Egypt pipol. I
go use force take karry my pipol Israel komot from Egypt land, den judge
Egypt pipol well-well. 5 Den wen I show Egypt pipol as I strong rish kon
take Israel pipol komot from der, di pipol go know sey na mi bi Oga God.”
6 So Moses and Aaron do as God kommand dem. 7 Naw, Moses na eighty
years while Aaron na eighty-three years wen dem go tok to Fero.

### *Aaron Walkin Stik*

8 God tell Moses and Aaron, 9 “Wen Fero sey, ‘Make una do sometin to
make mi bilive!’ Den yu go tell Aaron, Trow di stik for groun for Fero front
and e go shange to snake.” 10 Wen Moses and Aaron go meet Fero, dem do
as God kommand dem. Aaron trow di stik for groun for where Fero and
en savants dey and e shange to snake. 11 Fero sef tell en native doctors and
juju-men for Egypt sey make dem do di same tin. 12 All of dem trow dia
stik for groun and dia stik turn to plenty snake. But Aaron stik swallow
all di oda stiks. 13 With all dis ones, Fero heart still strong well-well and e
nor gri listin to dem, just as God tok.

### *First Wahala: Wota Turn To Blood*

14 God tell Moses, “Fero heart dey strong and sturbon and e nor go gri
allow di pipol go. 15 So make yu prepare yorsef go meet am for morning
wen e dey go River Nile korna and make yu hold di stik wey shange to
snake for yor hand. 16 Den yu go tell am, ‘Na Oga God, wey bi Hibru pipol
God send mi kom tell yu sey, “Make yu let my pipol go serve mi for di
wildaness! But yu nor won gri.” ’ 17 God sey, ‘Naw, wetin I go do, go make
yu know sey na mi bi Oga God.’ Si, I go nak di wota for River Nile with di
stik wey dey my hand and e go shange to blood. 18 Di fish dem for inside
di river go die; di river go dey smell and di pipol wey dey Egypt nor go fit
drink from di wota again.”

19 Den God tell Moses, “Tell Aaron sey, ‘Make yu stresh yor stik wey dey
yor hand on-top di river, creek and pond dem for Egypt and dem go turn
to blood; even di wota wey dey inside wood and stone kontaina.’ ”

20 Moses and Aaron do as Oga God kommand dem. Aaron use di rod
wey dey en hand take nak River Nile for where Fero and en savants dey
and di river turn to blood. 21 Wen all di fish dem inside di river don die,
di river kon dey smell and Egypt pipol nor fit drink from di wota again.
22 But di juju-men for Egypt still do di same tin with dia juju pawa and dis
tin kon make Fero heart strong more-more and e nor gri listin to Moses
and Aaron, just as Oga God tell dem. 23 So Fero go inside en house back.
E nor even allow wetin happen worry en mind. 24 All Egypt pipol bigin
dig groun near River Nile, so dat dem go si wota drink, bikos dem nor fit
drink di wota wey dey di river.

### *Sekond Wahala: Frog*

25 Naw, seven days don pass wen God turn River Nile to blood.

# 8

1 Den God tell Moses, “Go tell Fero sey, ‘Dis na wetin God tok, “Make yu
let my pipol go serve mi! 2 But if yu nor gri release dem, den I go make
frog kover una land and una go sofa. 3 Frog go full River Nile and dem go
still dey inside una house, bedroom, on-top una bed, inside una savants
and una pipol house; una pots and di kontaina wey una take dey fetch
wota. 4 Di frog go trobol yu, yor pipol and all yor savants for dis land.” ’ ”

5 God tell Moses, “Go tell Aaron, ‘Take di stik wey dey yor hand take face
di river, creek and di ponds and frog go full evriwhere for Egypt.’ ” 6 So as
Aaron stresh di stik on-top di wota wey dey Egypt, frog kom full evriwhere
for di land. 7 Di juju-men sef kon use dia juju pawa take bring frog join di
ones wey dey di land.

8 Den Fero koll Moses and Aaron kon tell dem, “Make una pray to God
make E remove all di frog from mi and my pipol and I go allow una go
sakrifice to am for di wildaness.”
9 So Moses tell Fero, “I go dey happy to pray for yu, yor savants and yor
pipol, so dat di frog go komot from yor land go back to di river. So na wish
time yu wont make I pray.”
10 Fero ansa, “Na tumoro.”
Den Moses sey, “E go bi as yu tok, so dat yu go know sey nobody bi like
di Oga wey bi awa God. 11 Di frog go komot from yu, all yor savants and
yor pipol house and na only di frog dem for inside River Nile, go remain.”
12 Moses and Aaron kon waka leave Fero. Den Moses pray to God make
E remove di frog wey E send kon meet Fero. 13 God do as Moses wont and
all di frog inside dia house, village and farms, kon die. 14 Egypt pipol gada
di frog and dem nor fit kount am, den evriwhere kon dey smell for di land.
15 But wen Fero si sey di wahala don end, en heart kon strong more and e
nor gri listin to dem, just as Oga God tok.

### *Third Wahala: Plenty San-san Fly*

16 God kon tell Moses, “Make yu tell Aaron sey, ‘Nak di san with di stik
wey dey yor hand and plenty san-san fly go kom out for evriwhere for
Egypt.’ ” 17 So Aaron nak di san with en stik and san-san fly kon full
evriwhere for Egypt. 18 Wen di juju-men try to bring out san-san fly with
dia juju pawa, dem nor fit do am. So san-san fly kon dey gada both Egypt
pipol and dia animals.
19 Di juju-men kon tell Fero, “Dis na God handwork!” But Fero heart still
strong and sturbon and e nor gri listin to dem, just as God tok.

### *Fourt Wahala: Plenty Fly*

20 God tell Moses, “Make yu wake-up for early morning go meet Fero as
e dey go di river kon tell am, ‘God sey, “Make yu let my pipol go serve mi!
21 If yu nor gri let dem go, I go send plenty fly kom meet yu, yor savants,
yor pipol and for inside una house. All Egypt pipol house and di groun go
full with fly. 22 And for dat day, I nor go let di fly dem rish Goshen land
where my pipol dey, so dat yu go know sey na mi, di Oga God dey do dis
tins. 23 I go divide my pipol from yor pipol. Dis sign go happen tumoro.”
’ ”
24 God do as E tok and fly wey dem nor fit kount kon full Fero, en savants
and Egypt pipol house and many tins spoil, bikos of di fly dem.
25 Den Fero koll Moses and Aaron kon sey, “Make una go sakrifice to una
God inside di land.”
26 But Moses sey, “Dat nor bi wetin wi suppose do, di kind sakrifice wey
wi won do for di Oga awa God na wetin Egypt pipol dey forbid. If wi make
sakrifice wey Egypt pipol dey forbid for dia face, dem nor go stone us die?
27 So wi must travel for three days go inside di wildaness go sakrifice to di
Oga awa God, just as E don dey tell us since.”
28 Fero kon sey, “I go let una go sakrifice give di Oga una God inside di
wildaness, but una nor go-go too far. Make una pray for mi too.”
29 Moses ansa, “I go leave yu go pray to God and tumoro, all di fly go
komot from Fero, en savants and en pipol, so-far yu nor go deceive us
again or nor let us go sakrifice to awa God.”

30 So Moses komot from where Fero dey kon go pray 31 and Oga God
do as Moses ask. E remove all di fly from Fero, en savants and en pipol.
32 But Fero heart still dey strong and sturbon as before and e nor gri free
di pipol.

# 9

*Fift Wahala: Sickness*

1 Den Oga God tell Moses, “Go meet and tell Fero sey, ‘God wey bi Hibru
pipol God sey, “Make yu let my pipol go serve mi! 2 Bikos if yu nor gri let
dem go and yu kontinue to hold dem, 3 I go use my pawa bring sickness
kom meet una animals for fields, una horse, donkey, kamel, kattle, sheep
and goat dem. 4 But I go separate Israel animals from Egypt pipol own. No
Israel animal go die.” ’

5 “Mi wey bi Oga God don sey na tumoro I go do dis tin wey I tok.”
6 True-true God do dis tin for di next day. All di animals for Egypt pipol
farm die, but no one for Israel pipol own, die. 7 Fero kon send pipol go
find out and true-true, Israel pipol animal nor die. With all dis tins wey
dey happen so, Fero heart still strong and e nor gri free di pipol.

*Sixt Wahala: Boil For Body*

8 Den Oga God tell Moses and Aaron sey, “Make una gada ashes from
where dem for dey burn firewood, den make Moses blow dem for air for
di king front. 9 Di ashes go skata like dust for Egypt and e go kause boil
wey go turn to sore for Egypt pipol and dia animals body.”

10 So dem gada di ashes from di firewood kon stand for Fero front. Den
Moses blow di ashes for air and e kon turn to boil for both Egypt pipol and
dia animals body. 11 Di juju-men nor fit stand for where Moses dey, bikos
of di boil wey full dia body and Egypt pipol own. 12 But God still make
Fero heart strong and e nor gri listin to dem, just as Oga God sey e go bi.

*Sevent Wahala: Ice-blok Rain*

13 God kon tell Moses, “Make yu get up for early morning go meet Fero
kon tell am, ‘God wey bi Hibru pipol God sey, “Make yu let my pipol go
woship mi! 14 Bikos dis time, I nor go only ponish yor savant and pipol, but
I go ponish yu too, so dat yu go know sey nobody bi like mi for di whole
world. 15 If to sey I take sickness attack yu and yor pipol, all of una for
don die finish. 16 Dis na di rizin why I neva kill yu. I just won show yu my
pawa, so dat pipol go praiz my name for evriwhere for di eart. 17 Yu still
dey karry body up and yu nor gri free my pipol. 18 So, by dis time tumoro,
I go make strong ice-blok rain wey dem dey koll ‘hail’, fall as e neva fall
for Egypt before. 19 So naw, make yu go tell yor pipol make dem gada all
dia animal and evritin wey dem get komot from di field kon kover dem
for house. Dis na bikos anybody wey di ice-blok rain fall meet for outside,
go die!” ’ ”

20 Doz wey bi Fero savants wey dey fear God word kon rush go gada dia
savant and animals enter house. 21 But di rest ones wey nor bilive Oga
God word kon leave dia savant and kattles for outside.

22 Den God tell Moses, “Stresh yor hand go heaven make di ice-blok rain
fall for Egypt; on-top di pipol, animals and evritin wey dey grow for Egypt.”

23 Wen Moses stresh di stik wey dey en hand go heaven, God kon send
tonda and plenty ice-blok and fire kon dey fall for groun: so Oga God
make ice-blok fall like rain for Egypt. 24 Fire wey mix with ice-blok kon
dey fall too. Di rain strong well-well and Egypt pipol neva ever si dis kind
rain before. 25 Di ice-blok distroy evritin wey dey di field, both pipol and
animals. Di rain distroy evritin wey dey grow for di field kon break di trees
to pieces. 26 But di ice-blok rain nor fall for Goshen land where Israel pipol
dey stay.

27 So Fero send for Moses and Aaron kon tell dem, "Dis time I gri sey I
don sin! God dey holy and na mi and my pipol dey guilty. 28 So make una
help mi beg God, bikos di strong tonda and ice-blok too mush and I go free
una and una nor go stay here again."

29 Moses ansa am, "Wen I komot go inside town I go stresh my two hand
go heaven to di Oga wey bi God, den di tonda go stop and di ice-blok nor
go fall again, so dat yu go know sey na Oga God get di whole world. 30 But
I know sey yu and yor savants neva still dey fear God."

31 (For dis time, di plant wey dem dey koll flax and barley don skata
and die, bikos di barley don ripe and di flax dem just dey won get flower.
32 But e nor get any wheat wey distroy, bikos dem neva grow kom out.)

33 So Moses waka leave Fero kon go inside di town stresh en two hand
go heaven as e dey pray and di tonda, di ice-blok and di rain kon stop to
fall. 34 Wen Fero si sey di rain, ice-blok and di tonda don stop, e kon still
sin again: both en and en savants kon get strong heart. 35 So Fero heart
still dey strong and e nor gri release Israel pipol, just as God tok.

# 10

### *Eight Wahala: Plenty Lokust*

1 Den God kon tell Moses, "Make yu go meet Fero, bikos I don make en
and en savants heart strong, so dat I go fit show dem all dis my mirakles.
2 All dis tins dey happen, so dat yu go fit tell yor shidren and grand-shidren
how I take fool Egypt pipol with my mirakles, make dem for know sey na
mi bi God."

3 So Moses and Aaron go meet Fero kon tell am, "God wey bi Hibru pipol
God sey: 'Na how long e go take yu before yu go honbol yorsef for where
I dey? Make yu let my pipol go woship mi! 4 But if yu nor gri let dem
go, I go make lokust full yor kountry tumoro. 5 Di lokust dem go plenty
well-well kon kover evriwhere and nobody go si ordinary groun. Dem go
chop all di tins wey remain from wetin di ice-blok rain distroy and dem
go chop all di trees for field. 6 Di lokust dem go full yor house, yor savants
house and all Egypt pipol house and e go plenty pass wetin una papa and
grand-grand papa don ever si since wen dem dey di land kon rish today!'
" Den Moses turn kon waka leave Fero.

7 Fero savants ask am, "Na how long dis man go dey trobol us? Make yu
free di pipol make dem go serve di Oga wey bi dia God. Yu nor know sey
Egypt don distroy finish?"

8 So dem bring Moses and Aaron kom back kon si Fero and e tell dem,
"Make una go serve di Oga una God. But na wish pipol dey follow una
go?"

9 Moses ansa am, "Wi go-go with awa yong and old pipol; all awa shidren
and all awa animals, bikos wi dey travel go do sakrifice to take honor di
Oga awa God."
10 Den Fero tell dem, "I swear with God sey, I nor go let una take una
wimen and shidren follow body! E klear sey yu really get wiked plan!
11 So make only di men go serve Oga God, bikos dat na wetin yu wont."
Den Fero drive Moses and Aaron komot for en front.
12 God tell Moses, "Make yu stresh yor hand face Egypt, so dat di lokust
go kom kover evriwhere and dem go chop all di plants wey dey grow wey
di ice-blok distroy remain."
13 So Moses stresh di stik wey dey en hand face Egypt. At wons, Oga
God make one strong breeze from east blow kom Egypt, both for day and
nite. For morning, di breeze from east don karry lokust enter di land.
14 Di lokust kover evriwhere for Egypt, plus di arias wey dey near der. Di
wahala strong well-well and dem neva si any lokust like dat before and
dem nor go ever si any lokust like dat again. 15 Di lokust kover di groun
kon make am black, den chop all di plants and fruits wey dey for di tree
wey di ice-blok distroy remain. No leaf remain for di tree and all di plants
and grass, die finish for Egypt.
16 Den Fero kwik-kwik sey make dem koll Moses and Aaron and e tell
dem, "I don sin against di Oga una God and against una! 17 Make una
forgive mi for dis last time and pray to di Oga una God, so dat E go remove
dis sofa from mi."
18 So Moses komot from Fero front kon go pray to Oga God. 19 Den God
send anoda strong breeze from di sea and e karry all di lokust enter di Red
Sea. No lokust remain for Egypt again. 20 But God still make Fero heart
strong and e nor gri free Israel pipol.

### *Nine Wahala: Darkness*

21 Den God tell Moses, "Make yu stresh yor hand go heaven, so dat
darkness go kover Egypt and dem go feel am, bikos e go tick well-well."
22 So Moses stresh en hand go heaven and for three days, tick darkness
kon dey evriwhere for Egypt. 23 Nobody fit si each oda and nobody fit
stand up komot for where e dey for three days. But Israel pipol get lite for
where dem dey.
24 Den Fero send for Moses kon tell am, "Make una go serve di Oga una
God, both una and una family, but una animals go dey here for Egypt."
25 But Moses ask am, "Yu go give us di animals wey wi go take do sakrifice
and burnt ofrin to di Oga wey bi awa God? 26 All awa animal must go with
us and no one go remain. Wi must take di animals go serve awa God. Until
wi rish der, wi nor go fit know wetin to take serve awa God."
27 But God still make Fero heart strong and e nor gri free dem. 28 So
Fero tell Moses, "Make yu komot from where I dey and nor ever kom si
mi again, bikos any day wey yu si my face again, yu go die!"
29 Moses ansa, "Make e bi as yu tok! I nor go si yor face again."

## 11

### *Last Wahala: Deat*

1 God kon tell Moses, "I go bring di last wahala to take ponish Fero and
Egypt pipol and afta dis one, e go free una. E go drive una komot with

evritin wey una get. [2] So make yu go tell Israel pipol make dem ask dia
neighbour for silva and gold."
[3] (Naw, God don make Egypt pipol love Israel pipol. Even sef Moses kon
bi one very big pesin for Egypt and Fero savants and Egypt pipol dey respet
am.)
[4] Moses sey, "Oga God sey for mid-nite, I go waka pass evriwhere inside
Egypt [5] and all di first-born son for Egypt, go die. I go start from Fero first-
born wey go take-ova en papa throne, go rish di first-born wey en slave
girls wey dey grind korn born and all di first-born among en animals.
[6] Strong kry go dey evriwhere for Egypt; pipol neva kry like dat before
and dem nor go ever kry like dat again. [7] But for Israel pipol side, peace
go dey well-well, even dog nor go bark for anybody or animal, den yu go
know sey Oga God don separate Israel pipol from Egypt pipol. [8] All dis yor
savants go kom meet and bow for mi sey, 'Make yu and all di pipol wey
dey follow yu komot for here' and afta dis, I go komot for here too." With
vexnashon, Moses kon waka leave Fero.
[9] God kon tell Moses, "Fero nor go gri listin to yu, so dat I go fit do my
plenty wonders for Egypt." [10] So Moses and Aaron do all dis wonders wey
Fero si, but God make Fero heart strong, so dat e nor go let Israel pipol
komot from Egypt.

# 12

### *God Free Israel Pipol*

[1] God tell Moses and Aaron for Egypt, [2] "Dis mont na di first mont for
di year for una. [3] Make una tell Israel pipol sey, 'For di tent day for dis
mont, all di men go choose one yong sheep or goat for en family. [4] If en
family too small to chop one full animal, en and en neighbour wey dey
stay near am go share one animal akordin to di pipol and how dem go fit
chop rish. [5] Make di animal wey una choose dey okay; animal wey neva
pass one year and e must bi man sheep or goat wey nor dey cripple or get
sickness.
[6] " 'Una must kare for am until di fourteent day for dis mont, den for
evening, di whole kommunity for Israel go kill all di animals. [7] Dem go
take some of di blood put for di two door post and on-top di door for all
di house wey dem go for chop di animal. [8] For dat same nite, dem go
roast and chop di meat with bitter leaf and bread wey nor get yist. [9] Make
una nor chop raw or meat wey dem boil, but make una roast am for fire
well-well with en head, leg and all di parts for en body. [10] Una must chop
evritin finish before day break kon burn anytin wey remain for morning.
[11] " 'Na like dis una go take chop am: make una dress like who dey
travel; wear una shoe kon hold una stik for hand. Make una rush chop
am, bikos dis na Oga God Passova. [12] Dat same nite, I go pass thru Egypt
kon kill all di first-born son inside Egypt, both human being and animals,
den I go judge all di gods for Egypt. Na mi bi di Oga una God. [13] Di blood
go bi sign sey na una dey dat house, so dat wen I si di blood, I go waka
pass and I nor go tosh una wen I dey ponish Egypt pipol. [14] Una go dey
remember dis day and celebrate am to di Oga una God forever.

### *Bread Wey Nor Get Yist Feast*

15 " 'For seven days, una must chop bread wey nor get yist. So for di
first day, una must remove di yist wey dey una house, bikos if anybody
chop bread wey get yist from di first day go rish di sevent day, I go kill-am.
16 For di first and sevent day, make una gada kom woship mi. Nobody go
work for doz days, escept una won do wetin una go chop.
17 " 'So make una kontinue to celebrate dis feast, bikos na di day wey I
take una komot from Egypt and una go dey celebrate am forever. 18 For
evening for di fourteent day for di first mont, make una chop bread wey
nor get yist, until di twenty-first day evening for di same mont. 19 Yist must
nor dey una house for seven days and anybody wey chop anytin wey get
yist, nor go dey among Israel kommunity again. Weda na strenja or Israel
pesin wey dem born for di land. 20 Make una nor chop anytin wey get yist
and anywhere wey una go stay, una must nor chop bread wey get yist.' "

### *First Passova*

21 Den Moses gada di eldas for Israel kon tell dem, "Make all di family
kill one yong sheep or goat take celebrate di Passova. 22 Make una deep
di plant wey dem dey koll hyssop inside di blood, den take di blood rub di
two pole for di door and di one wey cross dem for up. And make anybody
nor komot from inside en house until morning. 23 Bikos Oga God go waka
pass Egypt kon kill pipol, but wen E si di blood for di up and two side for
una door, E go waka pass and E nor go enter una house kon kill una.
24 "Una and una shidren must kontinue to obey dis law forever. 25 And
wen una don enter di land wey di Oga una God go give una, just as E tok,
una must do dis ofrin. 26 Wen una shidren ask una sey, 'Wetin dis ofrin
mean?' 27 Den una go ansa, 'Na di Passova sakrifice for di Oga awa God,
wen E kill Egypt pipol kon save wi and awa family.' " Den Israel pipol
bow woship 28 kon do as God kommand dem thru Moses and Aaron.

### *God Save Israel Pipol*

29 Dat nite, Oga God kill all di first-born son for Egypt and na from Fero
first-born go rish doz wey dey prison and di animals first-born. 30 Fero
with all en savants and evribody for Egypt wake-up for nite bigin kry
well-well, bikos e nor get any house where pesin nor for die.
31 Dat same nite, di king kon sey make dem go koll Moses and Aaron,
den e tell dem, "Make yu and yor pipol komot from my kountry go woship
di Oga una God, just as yu tok. 32 Make yu still take una sheep, goat and
kattles follow body. But bless mi too." 33 Egypt pipol bigin enkourage Israel
pipol, so dat dem go kwik komot, bikos dem dey sey, "All of us go die finish,
if una nor komot for here."
34 So di pipol fill dia bakin pan with bread wey nor get yist, tie am join
dia klot kon karry dem put for dia shoulder. 35 Israel pipol kon do as Moses
tell dem. Dem ask Egypt pipol for silva, gold and klot. 36 God make Egypt
pipol favor en pipol and dem kon give Israel pipol evritin wey dem wont.
Like dis, Israel pipol karry all di propaty for Egypt follow body.

### *Israel Pipol Komot From Egypt*

37 Israel pipol bigin travel with leg from Rameses go Sukkot. Israel men
wey travel rish 600,000 (Dem nor kount wimen and shidren join am).
38 Many strenjas still follow Israel pipol komot from Egypt with all dia
sheep, goat and kattle. 39 Dem bake bread wey nor get yist with di bakin

pan wey dem dey karry komot Egypt. Di bread nor get yist, bikos dem
hurry dem komot from Egypt, so dem nor get time to prepare food for
demsef.
40 Israel pipol stay for Egypt for four hundred and thirty years. 41 Israel
pipol komot for Egypt for di day wey di four hundred and thirty years
komplete. 42 Na dat nite God take save dem komot from Egypt and dem go
dey dedikate dat nite to God from one generashon go rish anoda.

### *Di Passova*

43 So God tell Moses and Aaron, "Dis na di law wey follow di Passova.
No strenja go chop from di Passova food. 44 But any slave wey yu buy wey
dem sekonsaiz, fit chop am. 45 Any strenja or worker wey dem hire must
nor chop from am. 46 Evribody must chop am inside di house where dem
for prepare am and make dem nor karry am from one house go anoda.
Make una nor break any of di animals bone. 47 Israel pipol must always
dey celebrate dis feast.
48 "Any strenja wey dey stay with una wey like to celebrate Oga God
Passova, dem must sekonsaiz dia men, den una must si dem as Israel pipol.
49 Anybody, weda dem born as Israel pesin or strenja wey dey stay with
una, must obey dis law."
50 So Israel pipol kon do as Moses and Aaron kommand dem. 51 For dat
day, Oga God take Israel pipol komot from Egypt akordin to der tribe.

## 13

### *First-born Law*

1 God kon tell Moses: 2 "Make yu dedikate all di first-born wey bi man
for Israel give mi, weda na human being or animals."

### *Bread Wey Nor Get Yist Feast*

3 So Moses tell di pipol, "Make una remember today wey una komot
from Egypt where una for bi slave. Dis na di day wey di Oga una God take
una komot with en great pawa. So make nobody chop bread wey get yist.
4 Una komot from Egypt for Abib mont. 5 Afta God don take una enter
Kanaan, Hit, Amor, Hiv and Jebus pipol land; di place wey E promise una
grand-grand papa sey E go give dem, land wey good well-well, den una
go dey celebrate dis feast for di first mont for evry year. 6 For seven days,
make una chop bread wey nor get yist and for di sevent day, una go do
feast for di Oga una God. 7 Una go chop bread wey nor get yist for seven
days and make una nor keep any bread wey get yist for una house.
8 "Make una tell una shidren for dat day sey, 'All dis tins wey wi dey
do so, na bikos of wetin awa God do for us wen wi komot from Egypt.'
9 Dis go bi like sign wey una put for una hand and fore head, so dat Oga
God law go dey una mout, bikos na with en strong hand E take karry una
komot Egypt. 10 Una must celebrate dis feast for di rite time for di year.

### *First-born*

11 "Wen di Oga una God don take una enter Kanaan pipol land as E
promise una and una grand-grand papa, 12 una must give all di first-born
wey bi man, both human being and animals to Oga God. 13 Una fit take
donkey first-born from God if una gi-am one lamb or yong goat. But if una

nor kollect am back, una must break en neck. But una must buy una first
son back.
[14] "Wen una son ask una for future sey, 'Wetin dis tin mean?' Una go
ansa, 'Na with mighty pawa God take komot us from Egypt where wi for
bi slaves. [15] Wen Fero nor gri free us, di Oga awa God kon kill all di first
sons for Egypt, both human being and animal. Dis na di rizin why wi dey
sakrifice all di first-born son give God, but wi dey buy dem back.' [16] Dis
matter go bi like sign for una hand and fore head, so dat una go remember
as di Oga God take karry us komot from Egypt with en mighty pawa."

### *God Dey Rule*

[17] Wen Fero free di pipol, God nor take dem pass Filistia pipol land even
doh, na dat side near pass, bikos God sey, "Make di pipol nor go shange dia
mind wen dem si war kon sey, 'Wi won go back to Egypt.' " [18] So God lead
di pipol pass di wildaness wey face di Red Sea. And Israel pipol prepare
demsef for war as dem dey komot from Egypt.
[19] Moses pak Josef bones, bikos Josef don make Israel pipol swear wen e
sey, "God go kom save una and una must karry my bones komot from dis
place."
[20] So dem travel from Sukkot go Etam for di wildaness korna. [21] Naw,
God dey lead dem with kloud for day time, den for nite, E dey lead dem
with fire, so dat dem go fit travel both for day and nite. [22] Oga God nor
remove di kloud for day time or di fire for nite.

## 14

### *Israel Pipol Cross Di Red Sea*

[1] Den God tell Moses, [2] "Make yu tell Israel pipol sey make dem go stay
for Pi Hahirot wey dey between Migdol and di Red Sea opposite Baal Baal-
Zefon. [3] Fero go tink sey Israel pipol konfuse kon dey waka up-and-down
for di wildaness. [4] I go make Fero heart strong again and e go porshu una
and una go honor mi, bikos of wetin I go do Fero and en sojas, den Egypt
pipol go know sey na mi bi Oga God." So Israel pipol do as Moses tell dem.
[5] Wen dem tell Fero sey Israel pipol don go, en heart and en savants
heart kon turn against Israel pipol. So dem sey, "Wetin even make us do
dis tin? Naw wey wi don free Israel pipol, na who go kon dey serve us?"
[6] Di king kon ready en and en sojas shariot. [7] Den e take six hundred of en
best shariot and all di horse for Egypt and di sojas wey go ride dem. [8] God
make Fero heart strong well-well, so e kon porshu Israel pipol. Naw Israel
pipol just komot Egypt with betta mind. [9] Egypt sojas porshu dem with all
dia shariot and Fero shariot and dem katch Israel pipol for dia kamp for
Pi Hahirot and Baal Baal-Zefon wey dey near di Red Sea near.
[10] Israel pipol look up kon si Fero and Egypt sojas dey mash kom meet
dem. Fear katch dem, so dem shaut kon kry to God.
[11] Den di pipol tell Moses, "Na bikos grave nor dey Egypt, naim make
yu bring us kom inside dis wildaness, so dat wi go die for here? Na wetin
make yu karry us komot from Egypt? [12] Wi tell yu for Egypt sey, 'Make yu
leave us as wi dey serve Egypt pipol! E for betta sey wi dey serve Egypt
pipol, dan to kom die inside dis wildaness o-o!' "
[13] Moses kon tell di pipol, "Make una nor fear! Make una get faith and
una go si how God go take save una; bikos dis Egypt sojas wey una dey si

today so, una nor go ever si dem again. 14 God go fight for una, so make
una nor worry."
15 Den Oga God tell Moses, "Wetin make yu dey kry to mi? Tell di pipol
make dem move go front. 16 But make yu yorsef raiz yor stik kon take am
divide di Red Sea, so dat Israel pipol go waka pass for dry groun. 17 But I
go make Egypt sojas heart strong, so dat dem go porshu una and pipol go
honor mi, bikos of wetin I go do to Fero, en shariot and doz wey dey ride
dem. 18 Den Egypt pipol go know sey na mi bi God wen I don kollect my
glory for wetin I go do Fero, en shariot and doz wey dey ride dem."
19 God angel wey dey lead Israel pipol kon go dia back and di kloud
move komot from dia front go dia back. 20 Di kloud dey between Egypt
pipol kamp and Israel pipol own. Di kloud make evriwhere dark for Egypt
pipol, but give lite to Israel pipol, so dem nor fit near each oda till day
break.
21 So Moses stresh en hand face di sea and God kon divide di sea with
strong breeze for nite, den di wota turn to dry land. 22 So Israel pipol waka
pass di sea for dry groun; di wota kon form wall for dia rite and left side.
23 All Fero shariot and doz wey dey ride dem kon porshu Israel pipol enter
di Red Sea for dry land. 24 As day won break, God look Egypt sojas thru di
fire and di kloud kon make dem konfuse. 25 E make dia shariot taya sink
and dem nor fit ride fast, den Egypt sojas kon sey, "Make wi run go back
from dis pipol, na God dey fight us bikos of dem."
26 God kon tell Moses, "Make yu stresh yor hand face di sea, so dat di
wota go fall kon kover all Egypt sojas, dia shariot and doz wey dey ride
dem." 27 So Moses stresh en hand face di sea and wen morning rish, di
sea don go back to di way e bi before. For dis time, Egypt sojas try to run
from di wota, but God kill all of dem inside di sea. 28 Di wota fall kover
di shariot with doz wey dey ride dem and all Fero sojas wey porshu Israel
pipol enter di sea, kon die.
29 But Israel pipol waka pass di sea for dry groun and di wota form wall
for dem, both for dia rite and left side. 30 So for dat day, Oga God save
Israel pipol from Egypt pipol hand. Leta, Israel pipol kon si Egypt pipol
dead body for di wotaside. 31 Wen Israel pipol si how di Oga dia God take
fight Egypt pipol with en mighty pawa, dem kon dey fear am. So, dem kon
bilive God and en savant, Moses.

# 15

*Moses Song*

1 Den Moses and Israel pipol bigin sing dey praiz God sey,
"Wi go sing to God,
bikos E don give us viktory.
E trow di shariot and doz wey dey ride dem
inside di sea.
2 Na God bi my pawa and Savior.
Dis na my God and I go praiz am.
My grand-grand papa dem God and
I go sing about how E great rish.
3 Awa Oga sabi fight war,
na God bi en name.
4 E trow Fero shariot,

all en sojas and strong ofisas
inside di Red Sea kon kill dem.
5 Di deep sea kover dem;
dem sink go bottom like stone.

6 My Oga God, yor rite hand
get betta pawa
and e skata di enemies to pieces.
7 With yor pawa as King,
Yu don fall doz wey stand to fight Yu.
Yu burn dem like dirty,
bikos Yu dey vex.
8 Yu breath from yor nose
and di wota kon full.
Di river wey dey flow
kon stand like wall
and di part wey deep pass for di sea,
kon strong.

9 Di enemies sey, 'I go porshu,
katch, divide dia propaty
kon take evritin wey I wont.
I go distroy dem with my swod.'
10 But Yu breath from yor nose
and di sea swallow dem.
Dem sink like stone
inside di big sea.

11 My Oga God!
Who bi like Yu among oda gods?
Who bi like Yu?
Di One wey dey holy,
wey dey do mirakles and great tins?
12 Yu stresh yor rite hand
and di groun swallow dem.

13 With yor true love, Yu go lead di pipol
wey Yu save
and with yor pawa,
Yu go show dem di way
to yor holy land.
14 Oda kountries go hear wetin happen
kon fear Yu;
betta fear go hold Filistia pipol.
15 Den Edom leaders go fear well-well;
di strong men for Moab
go dey shake
and di pawa wey Kanaan pipol get,
go vanish.
16 Betta fear go katch dem
and with yor great pawa,
dem go bi like stone

kon dey fear
until di pipol wey Yu save,
go waka pass.
17 Yu go take dem enter inside di land
kon plant dem for yor mountin;
di place where Yu choose as yor house,
bikos na Yu wey bi my Oga God,
build am as yor own Temple.
18 God go reign forever and ever!

### *Miriam Song*

19 "Wen Fero men with dia shariot enter di sea, Oga God kon make wota swallow dem, but Israel pipol waka pass for dry groun."

20 Den Miriam, Aaron sista wey bi profet kon take en sheke-sheke and all
di rest wimen follow am too dey play dia sheke-sheke as dem dey dance.
21 Miriam sey,
"Make wi sing to di Oga awa God,
bikos E don win big war;
E trow di horse and doz wey dey ride
am inside di sea."

### *Di Bitter Wota*

22 Den Moses lead Israel pipol from di Red Sea enter Shur wildaness.
Dem travel inside di wildaness for three days and dem nor si wota drink.
23 Den dem rish Marah, but dem nor fit drink di wota wey dey dat place,
bikos e bitter (na dis make dem dey koll am, Marah.)

24 So di pipol bigin komplain give Moses sey, "Wetin wi go drink?"

25 Moses kry to God and God kon show am one stik. Wen e trow am inside di wota, di wota kon dey good to drink.

So for der, God give dem laws kon try dia faith. 26 God sey, "If una
really obey di Oga una God kon do wetin good for my eyes and listin to my kommand, I nor go sofa una with all di diziz wey I send go Egypt, bikos na mi bi di Oga una God wey dey heal una."

27 Den dem go Elim where dem si twelf well and seventy palm tree. So dem kon stay near di wota.

## 16

### *Manna From Heaven*

1 Wen Israel pipol komot from Elim, dem kon go Sin Wildaness wey dey
between Elim and Sinai for di Fifteent day for di sekond mont afta dem
don komot from Egypt. 2 So evribody for Israel kon dey komplain give
Moses and Aaron inside di wildaness.

3 Dem sey, "E for betta sey God kill us for Egypt, bikos wi even dey si food chop for der, but naw, E take us kom dis wildaness won kon kill us with honga!"

4 Den Oga God tell Moses, "I go give una bread from heaven and di pipol
go dey gada di ones wey go rish dem chop evriday, so dat I go fit test and
know if dem go follow my kommandment. 5 But for di sixt day, make dem
gada doubol of wetin dem bin dey gada."

6 So Moses and Aaron tell Israel pipol, "Dis evening, una go know sey na
God take una komot from Egypt. 7 For morning, una go si God glory, bikos

E don hear as una dey komplain against am. Na-im una dey komplain to,
nor bi wi wey just bi ordinary human being." 8 So Moses sey, "Wen God
give una meat chop for evening and bread for morning, den una go know
sey, E don hear all una komplain. Wetin wi bi sef? Una komplain nor bi
against us, but na against God."

9 Den Moses tell Aaron sey make e tell Israel pipol make dem kom meet
God, bikos E don hear all dia komplain. 10 As Aaron dey tok to Israel pipol,
dem turn look di wildaness kon si God glory wey appear inside di kloud.

11 Den God tell Moses: 12 "I don hear Israel pipol komplain, so go tell
dem, 'Una go chop meat for evening kon chop bread for morning until
una beleful, den una go know sey na mi bi di Oga wey bi una God.' "

13 For evening, kwail bird kon fall full groun for di kamp and for morning
dew gada evriwhere for di kamp. 14 Wen di dew don komot, small-small
round tins wey white like ice-blok still dey groun for di wildaness. 15 Wen
Israel pipol si am, dem bigin ask each oda, "Wetin bi dis?" Bikos dem nor
know wetin e bi.

Den Moses tell dem, "Na di bread wey God send kom give una. 16 Dis na
wetin God kommand: 'Make evribody take wetin e fit chop. One omer for
one pesin; den una go gada akordin to di pipol wey dey una house.' "

17 So Israel pipol do as God kommand. Some gada plenty, while odas
gada small. 18 Wen dem measure with one omer, di pesin wey gada plenty
nor get pass who gada small: evribody gada wetin e go fit chop finish.

19 So Moses tell dem, "Make nobody keep dem till tumoro." 20 But some
nor gri listin to Moses, bikos dem still keep some till di next day. Di food
wey dem keep kon get worm and e start to smell, so Moses kon dey vex
for doz pipol.

21 So Israel pipol kon dey gada am evry morning; each pesin akordin
to wetin e fit chop finish and wen sun don make evriwhere hot, di rest
food go melt. 22 For di sixt day, dem gada doubol food, two omer for one
pesin. Den di leaders for di kommunity kom ask Moses, "Why e bi like
dat." 23 Moses ansa, "Dis na wetin God tok: 'Tumoro na Sabat Day, so
evribody must rest. Anytin wey una won bake or boil, make una bake and
boil dem today and anytin wey remain, make una keep am till di next day
wey bi Sabat Day.' "

24 So dem keep am till di next day, just as Moses kommand and e nor
spoil, smell or get worm. 25 Moses kon tell dem, "Make una chop am today,
bikos today na awa God Sabat Day and una nor go si food chop for di field.
26 Una go si gada for six days, but for di sevent day wey bi di Sabat Day,
una nor go si any one gada or pick.

27 "For di sevent day, some pipol among una go won go gada, but dem
nor go si anytin gada." 28 So God tell Moses, "How long e go take before
dis pipol go start to obey my kommandment? 29 Make una know sey na
bikos God sey make una rest for Sabat Day naim make am dey give una
doubol food for di sixt day. So make evribody stay en house; make nobody
komot en house for di sevent day." 30 So di pipol rest for di sevent day.

31 Israel pipol koll di food "Manna." Bikos e bi like korianda seed and e
white and dey taste like biscuit wey dem do with honey.

32 Den Moses sey, "Dis na wetin God kommand: 'Make una keep one full
omer wey go dey from one generashon go rish anoda, so dat dem go si

di food wey I dey give una for di wildaness, afta I take una komot from Egypt.' "

33 Moses kon tell Aaron, "Make yu measure one omer for manna with one kontaina, den put am for where Oga God Spirit dey, so dat E go take am dey remember di generashon wey dey kom for back." 34 Just as God
kommand Moses, Aaron kon put am for di Kovenant Box front, so dat e
go dey save. 35 So Israel pipol chop manna for forty years until dem rish
Kanaan land.

36 (If yu divide efah into ten, na one part bi one omer.)

# 17

### *Wota Kom Out From Rock*

1 Israel pipol kon start to travel from Sin Wildaness, just as Oga God kommand dem. Dem stay for Refidim, but di pipol nor si wota to drink for
der. 2 So dem komplain give Moses, "Make yu give us wota drink!"

Moses ansa dem, "Wetin make una dey kworel with mi? Why una dey test God?"

3 But di pipol dey hongry to drink wota, so dem still komplain, "Wetin make yu take us komot from Egypt? Na to kill wi, awa shidren and awa animals with honga?"

4 Den Moses kry to God, "Wetin I go do with dis pipol? Bikos if e worse pass like dis, di pipol go stone mi die!"

5 God tell Moses, "Take some among di eldas for Israel, with yor stik
wey yu take nak River Nile, den make yu lead di pipol. 6 I go stand wait
yu on-top one rock for Horeb. Wen yu rish der, make yu nak di rock and wota go kom out for di pipol to drink." Moses do as God kommand am and di eldas for Israel si evritin wey e do.

7 Moses koll di place Massah and Meribah, bikos Israel pipol komplain and test God wen dem sey, "Yu sure sey, 'God dey with us?' "

### *War With Amalek Pipol*

8 Amalek pipol kon attack Israel pipol for Refidim. 9 So Moses tell Joshua,
"Make yu go choose some men for us, so dat una go-go fight Amalek pipol. Tumoro, I go stand on-top di hill with God stik for my hand."

10 So Joshua fight Amalek pipol just as Moses tell am, den Moses, Aaron
and Hur kon go top of di hill. 11 Anytime Moses karry en hand go up, Israel
pipol go dey win, but wen e bring en hand kom down, Amalek pipol go
dey win. 12 Wen Moses hands don taya am, Aaron and Hur gi-am stone make e sidan, den dem kon hold en hand; one pesin for di rite and anoda
pesin for di left. So en hand kon dey up until evening. 13 Like dis, Joshua
win Amalek pipol and dia sojas.

14 Den God tell Moses, "Make yu rite dis tin for groun, so dat pipol go remember am, den tell Joshua sey, mi wey bi Oga God go make sure sey
Amalek pipol nor go dey dis world again." 15 So Moses build one altar kon
koll am, "Na di Oga God bi my banner," 16 bikos e sey, "Dem karry dia
hand face God throne, so dat God go dey fight Amalek pipol forever."

# 18

### *Jetro Visit Moses*

1 Jetro, Moses wife papa, wey bi priest for Midian kon hear all di tins
wey God don do for Moses and Israel pipol. How God take free dem from
Egypt. 2 So Jetro kon bring Zipporah, Moses wife wey Moses bin live for
Midian 3 and en two sons, Gershom (bikos Moses sey, “I bi strenja for
anoda land”); 4 and Elieza (wey mean, “Na awa papa God help and save
mi from Fero”). 5 Jetro karry Moses wife and en two sons go meet Moses
for inside di wildaness, where dem dey for God mountin. 6 But e first send
message to Moses sey, “I dey kom with yor wife and yor two pikin.” 7 So
Moses go meet en wife papa, bow kon kiss am. Dem greet each oda kon
enter house. 8 Moses tell en wife papa evritin wey God do to Fero and
Egypt pipol, bikos of Israel pipol; di tins wey dem sofa for road and how
God take save dem. 9 Den Jetro kon dey happy for all di good tins wey
Oga God do for Israel pipol wey E save from Egypt. 10 Jetro kon sey, “Make
una bless Oga God wey save una from Fero and Egypt pipol. Di God wey
save en pipol from sofa. 11 Naw, I know sey God big pass all di gods, bikos
en pipol don dey save from Egypt pipol pawa; Egypt pipol wey wiked and
like yanga well-well.” 12 Den Jetro sakrifice and burn ofrin for God. So
Aaron and all di eldas for Israel join Moses wife papa chop di food for God
present.

### *Dem Choose Judge*

13 Di next day, Moses sidan to judge kase and pipol gada round am from
morning till evening. 14 Wen en wife papa si all di tins wey Moses dey do
for di pipol, e kon ask am, “Why yu dey do all dis tins for dis pipol? Na
only yu sidan dey judge from morning go rish evening?” 15 Moses ansa am,
“Dis pipol dey kom meet mi, so dat dem go know wetin God tok. 16 Wen
dem get any matter, di pipol go kom and I go judge and let dem know God
kommand, en rules and law.” 17 Den Moses wife papa tell am, “Di tins wey
yu dey do so good o-o. 18 But yu go taya one day; both yu and di pipol wey
dey with yu, bikos dis tin too heavy for yu and only yu nor go fit karry
di load. 19 So, I go advise yu and make God dey with yu. Na yu go stand
before God for dis pipol kon take dia matter go meet am. 20 Make yu tish
dem God kommand and law. And make dem know how to live and work
as God wont am. 21 But make yu choose good men from di pipol. Men
wey dey fear God; dey tok true; doz wey nor dey play wayo kon make
dem rulers ova di pipol. Some fit rule tazons, odas hundred, some fifty,
while some go rule ten. 22 Dem go judge di pipol and any matter wey big
pass dem, dem go bring am kom meet yu, but na dem go dey judge all di
small-small matter. Like dis, dem go follow yu share for di load. 23 If yu
do dis tin and if na God really kommand yu, den di work go eazy for yu
and di pipol go happy go house.”

24 So Moses listin to en wife papa kon do all di tins wey e tell am. 25 Moses
choose men wey fit do di work among Israel pipol kon make dem oga ova
di pipol. Some dey rule tazons, odas hundred, some fifty and some ten.
26 Dem always dey judge di pipol and any matter wey dem nor fit handle,
dem go take am go meet Moses. But na only dem dey judge all di small-
small matter. 27 Den Moses escort Jetro, en wife papa as e dey go back to
en house for Midian.

# 19

*Israel Pipol For Mount Sinai*

1 Israel pipol rish Sinai Wildaness for di first day for di third mont afta
dem komot from Egypt. 2 Afta dem travel komot from Refidim, dem rish
Sinai Wildaness kon stay for di mountin front.

3 God koll Moses from di mountin kon tell am, “Dis na wetin yu go tell
Jakob house and Israel pipol: 4 ‘Una don si wetin I do Egypt pipol. Una si
as I take karry una for eagle feada kon bring una kom meet mi. 5 And naw,
if una go obey and keep my kovenant, una go bi special pipol wey I selet
from di oda pipol for dis world, bikos na mi get di whole world. 6 Una go
bi my kingdom priests and holy nashon wey dem dedikate give mi.’ Dis
na wetin yu go tell Israel pipol.”

7 So Moses koll all di eldas for Israel kon tell dem wetin Oga God
kommand am. 8 All di pipol ansa, “Wi go do evritin wey di Oga awa God
don kommand us.” So Moses go back go meet God kon tell am wetin di
pipol tok.

9 Den God tell Moses, “I go kom meet yu inside tick kloud, so dat di pipol
go hear wen I dey tok to yu and dem go always bilive yu.”

Moses tell God wetin di pipol tok. 10 God tell Moses, “Make yu use today
and tumoro take santify di pipol kon tell dem make dem wosh dia klot
11 and ready for di third day, bikos for dat third day, I go kom from Mount
Sinai and all di pipol go si mi. 12 Tell evribody where dem go waka rish
kon sey, ‘Make anybody nor klimb di mountin or tosh en korna. Anybody
wey tosh di mountin, go die! 13 Nobody go tosh di pesin, but dem go stone
am or shot am with arrow. E must die, weda na human being or animal.’
Wen dem blow di ram horn, di pipol go-go di mountin front.”

14 Den Moses kom down from di mountin go meet di pipol. E santify and
make dem wosh dia klot. 15 E tell dem, “Make una dey ready for di third
day and make di men nor sleep with dia wifes.”

16 For morning for di third day, tonda, lite and one tick kloud kon appear
on-top di mountin, so dem blow di horn well-well. Fear katch all di pipol
for di kamp. 17 Moses take di pipol komot from di kamp go meet God and
dem stand for di mountin front. 18 Smoke kover Mount Sinai, bikos God
land on-top di mountin with fire. Di smoke dey go up like oven own and
di mountin kon dey shake well-well. 19 Wen dem blow di horn well-well,
Moses start to tok and God kon dey ansa am. 20 God kom on-top di mountin
kon sey make Moses kom meet am for der, so Moses kon go up.

21 God tell Moses, “Make yu go down go warn di pipol sey make dem
nor waka pass where yu tell dem, bikos dem won si wetin dey happen
and anybody wey nor listin to yu, go die. 22 Even di priests wey dey near
mi, make yu tell dem make dem wosh demsef well-well, if not I go distroy
dem too.”

23 Moses kon tell God, “Di pipol nor go fit kom Mount Sinai, bikos Yu
really warn us sey, ‘Di mountin na where dey holy, so make una nor waka
near am.’ ”

24 But God tell Moses, “Make yu go down, den kom back again with
Aaron, but nor let any priests or di pipol waka pass or near di mountin,
bikos I go ponish dem.”

25 So Moses go down go meet di pipol kon tell dem wetin God tok.

# 20

*Di Ten Kommandment*

1 God kon sey:
2 “Na mi bi di Oga una God wey take una komot from Egypt, where una
for bi slave.
3 Make una nor serve any oda God apart from mi.
4 Make una nor do any image like wetin dey heaven, eart or inside wota.
5 Make una nor bow or serve dem, bikos na mi bi di Oga una God
and I dey jealous well-well. I bi God wey dey ponish shidren and dia
shidren-shidren, bikos dia papa Rijet mi. 6 But I go show my love to
many generashon, bikos dem love and keep my kommand.
7 Make una nor use di Oga una God name take make yeye, bikos I go
ponish anybody wey do like dat.
8 Make una remember to keep di Sabat Day holy. 9 Una get six days to
do all una work, 10 but for di sevent day wey bi di Oga una God Sabat
Day, make nobody do any work; both una, una shidren, una savants,
una animals or di strenjas for una kountry. 11 Bikos na six days God
take make heaven, eart and all di tins wey dey inside dem and E rest
for di sevent day. So God bless di Sabat Day kon make am holy.
12 Shidren! Make una respet una papa and mama, so dat una days for
di land wey di Oga una God dey give una, go long well-well.
13 Make una nor kill.
14 Make una nor sleep with who nor bi una husband or wife.
15 Make una nor tif. 16 Make una nor lie for una neighbour head.
17 Make una nor get long-trot for una neighbour propaty; en wife,
savants, melu, donkey or anytin wey bi en own.”

*Di Pipol Fear*

18 Den di pipol si di tonda and di lite. Dem hear di horn sound kon si di
mountin wey smoke kover and wen di pipol si all dis tins, fear katch dem,
so dem kon waka far from di place. 19 Dem kon tell Moses, “Make yu tok
to us and wi go listin, but make yu nor let God tok to us, so dat wi nor go
die.”
20 Moses tell di pipol, “Make una nor fear, God just kom test una, so dat
una go fear and always dey obey en kommand.”
21 Di pipol stay far from di place, but Moses waka near di tick kloud,
where God dey.

*Di Altar*

22 God tell Moses, “Make yu go tell Israel pipol: ‘Una don si by unasef
sey, I dey tok to una from heaven. 23 So make una nor use silva or gold
take make any oda god join mi.
24 “ ‘Make una use mud build altar for mi kon sakrifice una animals and
do peace ofrins for mi. Anywhere wey una for honor my name, I go kom
meet and bless una for der. 25 And if una take stone build altar for mi, una
must nor use stone wey dem kut, bikos if una kut di stones, una don spoil
di altar bi dat. 26 Make una nor build altar wey get step, so dat nobody go
si una nakednes wen una dey klimb kon offa sakrifice give mi.’ ”

# 21

*How To Trit Slave*

1 “Naw, dis na di laws wey yu go tell Israel pipol:

### *Hibru Savants*

2 “If una buy any Hibru slave, e go serve una for six years, but e go dey
free for di sevent year and e nor go pay anytin. 3 If di slave neva marry
before e kom, na only en go komot, but if e don marry before e kom, di
slave go komot with en wife.
4 “If na en oga gi-am wife and en wife born shidren, den na en oga go
get di wife and di shidren, so na only di slave go-go. 5 But if di slave sey,
‘I love my oga, my wife and shidren; I nor go-go,’ 6 den di oga go take am
go meet doz wey dey judge. Dem go bring am kom di town gate kon put
hole for di slave ear and di slave go serve en oga forever.
7 “If anybody sell en dota as slave, di girl nor go-go like man slave. 8 If
di girl nor make belle sweet en oga wey buy am, den di oga go let am go.
E nor get rite to sell am give strenjas, bikos na di oga break di kontract
with am. 9 If e give di slave to en son as wife, e go trit di slave like en own
dota. 10 If di man kon marry anoda wife, e must kontinue to give en first
wife food, klot and evritin wey e nid as wife. 11 And if e nor fit give di girl
dis three tins, e must free am and di girl nor go pay anytin.”

### *Law About Yeye Karata*

12 “Anybody wey nak and kill anoda pesin, dat pesin must die too. 13 But
if na by mistake, den e go eskape go di place where I go choose and e go
dey save for der. 14 Like dis too, if anybody use wayo take kill en neighbour,
den una go take am komot from my altar go kill.
15 “Anybody wey beat en papa or mama, dem must surely kill-am.
16 “Anybody wey kidnap and sell pesin or dem katch di pesin for en
hand, dem must kill-am.
17 “Anybody wey do or trit en papa or mama anyhow, dem must kill-am.
18 “If two pipol fight and one among dem nak en sekond with stone or
with en hand and e nor die, but e sick 19 and leta e kon stand up waka by
ensef, den di pesin wey nak am, don dey innocent, but e go pay di pesin
wey e wound all di time wey e don waste kon make sure sey en body
strong.
20 “Anybody wey nak en savant, weda na man or woman savant with
stik and e die, dem must ponish dat pesin. 21 But if di savant wey wound
nor die afta one or two days, dem nor go ponish en owner, bikos e nor luz
anytin.
22 “If two man dey fight and one mistakingly nak woman wey get belle
and e kon born di pikin before nine monts, but e nor too wound, dem go
ponish am akordin to wetin di woman husband ask for and e go pay anytin
wey kourt sey make e pay. 23 But if di wound sirious and di woman kon
die, den dem must kill who kill di woman and 24 na dat one bi eye-for-eye,
tit-for-tit, hand-for-hand and leg-for-leg. 25 Who burn pesin, dem go burn
am too. Who wound pesin, dem go wound am too and who beat pesin,
dem go beat am too.
26 “If anybody blind en savant eye, di man must free di savant, bikos of
di eye wey e blind. 27 And if di man nak en savant tit komot, e must let
am go free, bikos of di tit wey komot.”

### *Law About Animal*

28 "If pesin melu kill pesin, den dem go stone di melu die; nobody go chop
di meat and dem nor go ponish di owner. 29 But if di melu dey always take
en horn wound pipol and dem don warn di owner before and e nor do
anytin koncerning di matter, before di melu kon kill pesin, dem must stone
di melu die kon kill di owner too. 30 But if dem put prize for di owner head
to save en life, den e go pay di full amount.

31 "If di melu take en horn wound pesin pikin, dem go judge am like di
oda ones. 32 If di melu take en horn wound pesin savant, di owner must
pay three shekel for silva and pipol go stone di melu die.

33 "If anybody dig pit for groun and e nor kover am and one melu or
donkey fall enter, 34 di pesin wey get di pit must pay for di animal. E must
pay to di owner, den di animal wey don die, go bi en own.

35 "If one man melu wound en neighbour melu and e die, den di two
pipol go sell di melu wey dey alive kon share di money and dem go still
share di melu wey die too. 36 Or if pipol know sey di melu dey always attack
odas and dem tell di owner and e nor do anytin koncerning di matter, e
must use di melu take pay, den di one wey don die, go bi en own."

# 22

*Law About Propaty*

1 "If pesin tif one melu or sheep kon kill or sell am, e must use five kattle
take pay for di melu and four sheep, for di sheep wey e sell or kill.

2 "If dem katch tif dey enter pesin house kon nak am die, en blood nor
go dey anybody head.

3 "But if na for day time dem kill di tif, di tif blood go dey who kill-am
head.

"Tif wey dem katch must pay evritin wey e tif. If e nor get anytin, den
dem go sell am take pay for wetin e tif. 4 If dem si wetin e tif for en hand;
weda na melu, donkey or sheep and di animal neva die, di tif must pay
doubol.

5 "Anybody wey allow en animals wey dey chop grass for field go chop
wetin anoda man plant for en farm, e must pay back with wetin good pass
for en own farm.

6 "If fire dey burn for pesin farm kon spread and distroy plant for anoda
pesin farm, di pesin wey start di fire go pay evritin wey distroy.

7 "If pesin give en neighbour money or propaty to keep for am and dem
kon tif di tin for di man house, if dem katch di tif, e must pay doubol. 8 But
if dem nor katch di tif, den di owner of di house go-go stand make dem
judge am, weda naim take en neighbour propaty.

9 "If two pipol dey drag propaty, weda na melu, donkey, sheep, dress or
any kind tin wey lost, di two of dem go kom meet di judge and anybody
wey dem sey dey guilty, go pay doubol.

10 "If pesin give en neighbour one donkey, melu, sheep or any oda animal
to keep for am and e kon die, wound or pesin tif am and e nor know, 11 di
neighbour must swear to God sey, e nor get hand for di matter and di
owner go asept en word and e nor go pay anytin. 12 But if dem tif am from
am, e must pay di owner back. 13 If na wiked animal kill-am, di man go
bring di meat pieces wey skata for groun to show and klear ensef and e
nor go pay anytin.

14 “If pesin borrow animal from en neighbour and e kon wound or die
wen di owner nor dey with am, di man must pay back. 15 If di owner dey
with am, di man nor go pay anytin, bikos wetin e pay take hire am kover
di money.

*Law About Relashonship*

16 “If pesin deceive girl wey neva no man and e kon sleep with am, e
must pay di bride prize kon marry di girl. 17 But if di girl papa nor gri
gi-am to di man, di man must pay di prize wey dem dey pay for woman
wey neva sleep with man before.
18 “Make una nor allow witch live.
19 “Anybody wey follow animal sleep, dem must kill-am.
20 “Anybody wey sakrifice give anoda god wey nor bi di Oga awa God,
dem must distroy am.
21 “Make una nor sofa or opress strenja, bikos una bi strenja before for
Egypt.
22 “Make una nor sofa wimen wey dia husband don die or shidren wey
nor get papa and mama. 23 If una sofa dem and dem kry kom meet mi, I
go listin to dem. 24 I go vex and kill una with swod and una wifes go turn
who nor get husband again; una pikin nor go get papa too.
25 “If una borrow money give poor pipol wey dey among una, make una
nor do like sey una borrow money and make una nor add join di money
wen dem won pay back. 26 If una take una neighbour klot as shorti, una
must return am gi-am for evening, 27 bikos dat na di only klot wey una
neighbour get to wear, so dat kold nor go katch am. E get any oda klot
wey e go take sleep? And wen e kry kon meet mi, I go listin to am, bikos I
dey pity for pesin well-well.
28 “Make una nor tok bad about God or curse who dey rule una.
29 “Make una give mi una plant and wine ofrin.
“Una must give mi di first son wey una born.
30 “Una go still do like dis for una animals; dem fit dey with dia mama
for seven days, but una go give dem to mi for di eight day.
31 “Una go bi my holy pipol, so make una nor chop any animal wey
anoda animal kill for bush. Una must trow di animal meat give dogs.

# 23

*God Judgement*

1 “Make una nor dey tok wetin una eye nor si. Make una nor join wiked
pipol lie for pesin head.
2 “Make una nor follow pipol do wiked tins; for inside yard, make una
nor tok wetin una eye nor si, bikos plenty pipol dey tok am to take win
dia kase 3 and make una nor lie against poor pesin for kourt.
4 “If una si una enemy melu or donkey wey waka lost, make una do
evritin to make sure sey una return am to di owner. 5 Pesin wey hate una,
if una si en donkey dey struggol bikos of di load wey e karry, make una
nor waka pass, but make una help am.
6 “Make una nor give bad judgement to poor pesin for kourt.
7 “Make una nor akuiz pesin for wetin e nor do and make una nor kill
good pesin, bikos I nor go free anybody wey do like dat.

8 “Make una nor take bribe, bikos bribe dey blind pesin eye and spoil good pipol.
9 “Make una nor sofa or opress strenjas wey dey stay with una. Unasef know wetin e mean to bi strenja, bikos una bi strenja before for Egypt.

### *Di Sabat Day And Di Feast*

10 “For six years, make una plant and harvest wetin una plant. 11 But
for di sevent year, una must allow di land rest and make una leave am, so dat poor pipol wey dey with una, go chop wetin grow for di land and di animals go chop wetin remain. Una must still do like dis for una vineyard and olive farm.
12 “Una go work for six days, but make una nor work for di sevent day, so dat una melu, donkey, slave and strenjas wey dey work for una, go rest.
13 “Make una do evritin wey I tell una and una nor go pray or swear to any oda god. Make I nor ever hear dia name for una mout.

### *Di Three Main Feast*

14 “Evry year, una go celebrate three times to take honor mi. 15 For di
mont wey dem dey koll Abib, una go celebrate di bread wey nor get yist feast and for seven days, una go dey chop bread wey nor get yist, just as I kommand una wen una komot from Egypt. Nobody go kom meet mi with empty hand. 16 Make una still celebrate Harvest Feast wey bi di first fruit
from evritin wey una plant for una land. Una go still celebrate Tanksgivin Feast wey bi di Shelta Feast wen di year end and for dis time, una go don gada all una harvest from di farm. 17 Three times for di year, all doz wey
bi man go-go meet di Oga dia God.
18 “Make una nor offa my sakrifice blood with bread wey get yist. And di animal fat wey dem sakrifice, must nor remain till di next morning.
19 “Una must bring di first fruit wey una harvest from una farm to di Oga una God house.
“Make una nor kook yong goat wey still dey suck en mama breast.”

### *Di Angel Wey Dey Naw*

20 “I go send one angel wey go protet una for front as una dey go and e
go bring una kom di place wey I don prepare for una. 21 Make una listin
and obey en vois; make una nor disobey am, bikos e nor go forgive una sins and e dey ansa my name too. 22 But if una obey am kon do all di tins
wey I tell una, den I go bi enemy to doz wey bi una enemies and I go fight doz wey dey fight against una. 23 My angel go-go for una front till una rish
Amor, Hit, Periz, Kanaan, Hiv and Jebus pipol land and I go distroy dem for una. 24 Make una nor bow or serve dia gods kon do wetin dem dey do.
But una must distroy dem finish kon skata dia juju to pieces.
25 “If una serve di Oga una God, E go bless una bread and wota kon
remove all una sickness. 26 Evry woman go get shidren and doz wey get
belle for una land, go must born pikin and una go get long life.
27 “I go put my fear for inside doz wey una go fight kon distroy dem; I
go make all una enemies run from una. 28 I go send fear like ant go drive
Hiv, Kanaan and Hit pipol komot before una go rish der. 29 I nor go take
one year drive all of dem komot, so dat di land nor go turn to wildaness and wild animals nor go plenty for der. 30 Na small-small I go take drive
dem komot until una go plenty kon take-ova. 31 Una land go start from di

Red Sea go rish Filistia pipol sea and from di wildaness go rish di river. I go give una di pipol wey dey di land and una go drive dem komot from der.
32 "Make una nor enter kovenant with dem or with dia gods.
33 Make dem nor stay una land, so dat dem nor go make una sin against mi, bikos if una serve dia gods, I go distroy una."

# 24

*Di Kovenant*

1 Den God tell Moses, "Make yu klimb kom meet mi; both yu, Aaron, Nadab, Abihu and di seventy eldas for Israel and wen una still dey far from where I dey, make una bow woship mi.
2 Na only Moses go kom near mi, but make di odas nor kom near and make di rest pipol nor klimb with am."
3 So Moses tell di pipol wetin God tok and di pipol ansa, "Wi dey ready to do evritin wey di Oga awa God kommand."
4 Den Moses rite di word wey God tok. For early morning, e build altar for under di mountin kon arrange and stand twelf stones; one for each of di twelf tribes.
5 E send some yong Israel men and dem go offa burn ofrin kon sakrifice one yong melu as peace ofrin to God.
6 Moses take half of di blood, pour am inside some basin, den e sprinkol di remainin half on-top di altar.
7 So e take di Kovenant Book kon read am make all di pipol hear and dem sey, "Wi dey ready to do and obey all di word wey di Oga awa God tok."
8 So Moses take di blood and e sprinkol am for di pipol body kon sey, "Dis na di kovenant blood wey God don make with una akordin to dis word."
9 Moses and Aaron, Nadab and Abihu and di seventy eldas for Israel kon go di mountin
10 and dem si Israel God. Sometin wey bi like karpet wey dem take safaya stone make dey under en leg and e klear like sky.
11 But God nor distroy Israel leaders even doh dem si am kon chop and drink for en present.

*Moses For Mount Sinai*

12 Den God tell Moses, "Make yu klimb di mountin and I go give yu di law and kommand wey I rite for small flat stone, so dat yu go fit tish di pipol."
13 So Moses and Joshua wey dey follow am kon go di mountin, den Moses klimb go meet God.
14 Before Moses go, e tell di eldas sey, "Make una wait for mi for here, until I go kom back. Aaron and Hur dey with una. Anybody wey get matter against anoda pesin, make e go meet dem and dem go setol am."
15 Moses klimb go di mountin wey di kloud kover.
16 God glory dey on-top Mount Sinai and di kloud kover am for six days. For di sevent day, God kon koll Moses from inside di kloud.
17 From where di pipol dey, dem si God glory on-top di mountin like fire wey dey burn.
18 Moses enter inside di kloud wen e klimb di mountin and e stay der for forty days and forty nites.

# 25

*Di House And En Propaty*

[1] God kon tell Moses: [2] "Make yu tell Israel pipol make dem bring ofrin
kon give mi. Yu go kollect di ofrin wey pipol go give from dia heart. [3] Na
dis kind ofrin yu go kollect from dem: gold, silva, bronze, [4] fine linen,
blue, purpol and red wool; klot wey dem make with goat hair, [5] ram skin
wey dem dye with red, fine leda, akasia wood, [6] oil for di lite, spices for di
anointin oil and for di incense wey get betta smell. [7] Onyx stones and oda
tins wey dem go put for di priest garment and for di chest side. [8] Make
dem build house for mi, so dat I go fit follow una stay. [9] Yu must make am
with all di tins wey dem go put inside, just as I show yu."

*Di Kovenant Box*

[10] "Make dem build box with akasia wood wey long rish three fit nine
inches and e go wide and high rish three fit. [11] Make dem kover inside and
outside di box with pure gold. [12] Yu go make four gold ring kon put am
for di four leg; two-two ring for each side. [13] Make some pole with akasia
wood, kover am with gold [14] kon take di poles pass inside di rings wey dey
di box side, so dat dem go fit use dem karry di box. [15] Di poles must dey
inside di rings for di box; dem must nor take dem komot. [16] Di two small
flat stones wey I go rite my kommandment put, yu go put dem inside di
box.
[17] "Make yu make one kover with pure gold; e go long rish three fit nine
inches kon wide rish two fit three inches. [18] Yu go use gold wey dem melt
take make two tins wey bi like angel wey get plenty feada kon put dem for
di two korna for di box kover. [19] One among di angels wey dem make, go
dey one end and di sekond one go dey di oda end. [20] Di angels go spread
dia feada kon kover di box and di angels go face each oda dey look di box.
[21] Yu go put di box kover on-top di box, den kon put di flat stones wey
I go give yu, inside. [22] Den I go meet yu for der and from di box kover;
between di two angels wey kover di box wey di kommandment dey, I go
tell yu all di tins wey yu go kommand Israel pipol.

*Tabol For Di Ofrin Bread*

[23] "Yu go use akasia wood take make one tabol; e go long rish three fit;
wide like one fit six inches and e go high rish two fit three inches. [24] Yu
go design am with pure gold. [25] Yu go make rim wey wide and round rish
three inches kon do borda round di rim. [26] Yu go use gold make four rings
kon put dem for di four korna wey di legs dey. [27] Di rings go dey near
di rim and e go bi di poles wey dem go take dey karry di tabol. [28] Yu go
use akasia wood take make all di poles kon design dem with gold, so dat
dem go fit karry di tabol with dem. [29] Yu go make some plate, cup, jar and
bowl wey dem go dey use for di wine ofrin. All dis tins, na pure gold yu
go take make dem. [30] Yu must always keep di Holy Bread wey yu go give
mi on-top di tabol.

*Di Lampstand*

[31] "Yu go make one lampstand with gold. Na gold wey dem melt yu go
take make di bottom, en leg, cups, di small-small seeds and di flowers go
bi di same with am. [32] Di lampstand go get six side: from en leg, three
go dey one side and anoda three go dey di oda side. [33] Three cup wey
dem shape like almond flower wey get small-small seeds, go dey di next
branches and na di same tin e go bi for di six branches wey go kom out

from di lampstand. 34 And for di lampstand, e get four cup wey dia shape
resemble almond flower wey get small-small seeds and shine-shine. 35 One
of di small-small seed go dey under all di six branches wey kom out from
di lampstand. 36 Na di same pure gold wey yu melt, yu go take make dia
small-small seed, branches and lampstand. 37 Yu go make seven lamp for
di lampstand kon stand am, so dat e go give lite to di aria for en front.
38 Yu go use pure gold take make di lampstand korna and di tray. 39 Make
yu use about seventy-five pound for pure gold take make di lampstand
and di oda tins.
40 "Naw, make sure sey yu make dem, just as I show yu for di mountin.

# 26

*Tabanako*

1 "Make yu still make di Tabanako with ten curtain with fine linen wey
dem weave with blue, purpol and red wool. Make yu make di curtains like
angel wey get feada and na who dey design go do dis work. 2 Each of di
curtain go long rish forty-two fit and wide rish six fit. 3 Make yu join five
curtain togeda. 4 Yu go take blue klot make ring for di curtain korna wey
dey di end part for one set and like dis too, yu go make rings for outside di
oda curtain korna for di sekond set. 5 Yu go make fifty ring for one curtain
kon make anoda fifty ring for di curtain end wey dey di sekond set, so dat
di rings go hold one anoda. 6 Den yu go make fifty gold hook take join di
two set as one.
7 "Make yu make kover for di Tabanako with eleven curtain. 8 Di curtain
go long rish forty-five fit kon wide rish six fit. 9 Den yu go join five curtain
togeda kon join di remainin six togeda. Fold di nomba six curtain two
times for di Tabanako front. 10 Yu go make fifty ring for di korna for di
last curtain for one set and fifty ring for di korna for di curtain wey join
di sekond set. 11 Yu go make fifty bronze hook kon put di bronze hooks
inside di rings, den join di tent togeda, so dat evritin go form one kover.
12 Yu go hang di half tent curtain wey remain for di tent back. 13 Di one
and half fit for di curtain lengt wey remain for di two side, yu go use am
kover di two side. 14 Make yu take ram skin wey dem dye with red take
make kover for di tent, den kover dis ram skin with fine leda.
15 "Yu go still take akasia wood do two stand as frame for di tent. 16 All
di frame go long rish fifteen fit kon wide rish two fit three inches, 17 with
two tins wey kom out, so dat dem go fit join di frames togeda. All di frames
go bi di same. 18 So, make yu make di frame for di Tabanako and yu go
make twenty for di sout-side 19 kon make forty silva wey go dey under di
twenty frame; two silva go dey under one frame, bikos of di two tins wey
dem go do kom out from am. 20 For di nort side for di tent, make yu make
twenty frame 21 with dia forty silva bottom and two go dey under di next
frame. 22 For di tent back wey face di west side, yu go make six frame.
23 Yu go make two frame for di tent korna for di two back-side. 24 For di
two korna side, yu must doubol am for bottom, den kon finish di top as
one ring and e go bi for di two korna. 25 So na eight frame go dey with dia
sixteen silva bottom and two for di bottom go dey under di next frame.
26 "Den yu go take akasia wood take make some bar: five na for di frames
for one side for di Tabanako 27 and five bar na for di frames for di oda

side. Yu go still make five bar for di frames wey dey di back-side wey face
west. 28 Di bar wey dey middle for where di oda frames dey, go long from
one end go rish di oda. 29 Make yu kover all di frames with gold kon make
dia rings with gold, den make one place for di bars. Yu go still kover all
di bars with gold.

30 "Yu go build di tent as I show yu for di mountin.

31 "Make one curtain with fine linen wey dem weave with blue, purpol
and red wool kon draw di angel wey get feada inside. 32 Den yu go hang
am with gold hook for di four post wey dem make with akasia wood kon
kover dem with gold. 33 Hang di curtain under di hook for di tent roof
and for di curtain back. Yu go put di Kovenant Box for der. Di curtain go
separate di Holy Place from di Holy of Holy.

34 "Put di kover on-top di Kovenant Box wey dey inside di Holy Place.
35 Make yu put di tabol for outside di Holy Place and di lampstand go dey
opposite di tabol near di tent kon face sout, den yu go put di tabol for di
nort side.

36 "For where dem go pass enter di tent, yu go make fine linen curtain
wey dem weave with blue, purpol and red wool kon dekorate am with
design. 37 And yu go still make hooks for dis curtain and five post with
akacia wood kon kover dem with gold. Den do five bronze bottom for
dem.

# 27

### *Di Altar*

1 "Make yu make di altar with akasia wood. Yu go build am with four
korna and as e wide rish seven fit six inches, na so too e go long rish. And
e go high rish four fit six inches. 2 Den yu go make four horn for en four
korna; di horns go bi part of am. Yu go take bronze kover am. 3 Yu go
use bronze take make all di ash pots, shovels, tossin pot, meat hooks and
fire pans. 4 Use bronze make filter and ring for en four korna. 5 Put di
filter under di altar leg, so dat e go high rish half of di altar. 6 Den yu go
make poles with akasia wood for di altar kon take bronze kover am. 7 Put
di poles inside all di rings and di poles go dey di two altar side wen dem
dey karry am. 8 Take wood make di altar kon put hole inside akordin to
di plan wey I show yu for di mountin.

### *Di Inna Tent*

9 "Den yu go make kourtyard for di tent kon take fine linen curtains
kover di sout-side and e go long rish one hundred and fifty fit for one side.
10 Make yu guide dem with twenty bronze post kon put dem on-top anoda
twenty bronze stand, den hang di curtains with silva hook wey dem join
with di silva rod wey join di post. 11 Na di same tin una go do for di nort
side for di kourtyard; di curtains go bi one hundred and fifty fit wey dem
support with twenty post wey stand on-top di bronze, with silva hook and
di rods for all di post. 12 Di curtains for di west side go bi seventy-five fit
wey dem support with ten post wey stand for ten place for groun. 13 Di side
for di east where dem dey pass enter di kourtyard go wide rish seventy-
five fit. 14 Di curtain for di rite side go long rish twenty-two and half fit and
yu go support am with three post wey stand for three legs. 15 Di curtain

for di left side go long rish twenty-two and half fit and yu go support am
with three post wey dem stand for three place.
16 “For di kourtyard gate, make yu put curtain wey long rish thirty fit. Yu
go make am with fine linen wey dem weave with blue, purpol and red wool
kon dekorate am with fine design and e go get four post with four bottom.
17 All di post wey dey inside di kourtyard go get silva rod and dem go use
silva take make dia hook kon stand dem on-top di bronze. 18 Di kourtyard
go long rish one hundred and fifty fit kon wide rish seventy-five fit and di
top go high rish seven and half fit with dia bronze bottom.
19 “All di tins wey dem go use inside di tent and all di peg wey dem go
take hold di tent and di kourtyard curtains, na bronze dem go take make
dem.

*Ofrin And Oil*

20 “Make yu go kommand Israel pipol make dem give yu pure oil wey
dem press komot from olive plant kon pour am for di lamp, so dat di lamps
go always dey give lite. 21 Aaron and en sons go dey arrange di lamps
from morning till evening before di Oga dia God. Dis kommandment na
for Israel pipol and dia pikin dem and e go dey forever.”

# 28

*Priests Garment*

1 “Yu go separate yor broda Aaron and en sons; Nadab, Abihu, Eleazar
and Itama from Israel pipol so dat dem go serve mi as priest. 2 Make
yu make special garment for yor broda Aaron, wey go gi-am beauti and
honor. 3 Tell all di pipol wey know how to do dia handwork well-well and
wey I don fill with di spirit wey dey give wisdom sey, make dem make
Aaron garment wey go make am difren from oda pipol as e dey serve as
my priest. 4 Na di kind garment wey dem go make bi dis: e go get chest
kover, one priest garment, one robe, tunik wey get design, one priest kap
and sash. Dem go still make special garment for Aaron sons wey dem go
wear kon serve mi as priest. 5 Di workmen go use gold, blue, purpol and
red wool, with fine linen.
6 “Dem go make di priest garment with gold, blue, purpol, red and fine
linen wey dem weave and e must bi who know di work well-well. 7 E go get
two pieces for front and back wey dem join for di shoulder. 8 Di waistband
wey di artist weave go bi di same with di priest garment wey bi gold, blue,
purpol and red wool, with fine linen wey dem weave. 9 Den yu go take two
onyx stone kon use am rite Israel tribe names put for inside. 10 Six names
go dey for one stone and di oda six go dey di sekond stone, just as dem
take born dem. 11 Make yu use pesin wey know how to rite for stone take
rite Israel shidren name for di two stones and make yu put dem on-top di
gold. 12 Make yu put di two stones for di priest garment shoulder, so dat
e go stand for Israel sons and Aaron go karry dia name go meet God, just
to dey always remind am about dem. 13 Make yu set am with gold for two
place, 14 den yu go tie am with two pure gold shain wey dem twist like
rope.

*Breast Plate*

15 “Make tailor wey sabi design klot, design di chest side wey dem go
wear wen dem won go know God mind. Make yu make am like priest
garment material: wey bi fine linen wey dem weave with gold, blue,
purpol and red wool. 16 E go get four korna and wen dem fold am two
times, e go long rish nine inches and na so e go still wide rish. 17 On-top
am, yu go set four row put: di first row go bi one rubi stone, one topaz
stone and one beryl stone. 18 Di sekond row go get one diamond stone,
one safaya stone and one emerald stone. 19 Di third row go bi one jacint
stone, one agate stone and one ametist stone. 20 Di fourt row go get one
chrysolite stone, one onyx stone and one jasper stone. Yu go kover dem
with gold for where dem go set dem put. 21 Yu go rite Israel twelf shidren
names put for di stones and nor-tin go fit klean dem komot.

22 “Den make yu use pure gold take make shain wey bi like rope for di
chest side. 23 Den yu go make two gold ring for di chest side kon join dem
for di priest garment chest for up. 24 Yu go tie di two gold shain join di
two rings for di end for di chest side, 25 den di oda two end for di two
shain, yu go tie am join di two set kon still tie am join di shoulder pieces
for di priest garment front. 26 Den make two ring with gold kon tie dem
for di korna under di Breast Plate for inside, near di priest garment. 27 Yu
go make more gold ring kon tie dem under di two shoulder pieces for di
priest garment front, near where dem join am for top around di priest
garment. 28 Make yu tie di Breast Plate rings join di priest garment rings
with blue rope, so dat e go dey on-top di priest garment waistband. 29 So,
Aaron go karry Israel sons name for di Breast Plate for en heart anytime
e enter di Holy Place, just to always remind God about en pipol. 30 And yu
go put di Urim and Tummim inside di Breast Plate, so dat anytime wen
Aaron dey go meet God, e go wear am for en chest to know wetin dey God
mind.

### *Di Priest Garment*

31 “Na blue yu go take paint evritin for di priest garment. 32 E go get
hole for top and dem go weave di hole korna, so dat e nor go tear. 33 Yu go
make pomegranate fruit from blue, purpol and red wool round di ending
for di dress bottom and gold bells go dey round am. 34 Di way yu go make
am go bi one gold bell, one pomegranate fruit and dem go dey round di
dress for bottom. 35 Aaron go always wear dis dress wen e dey serve and
pipol go hear bell sound wen ever e dey enter or komot from di Holy Place
where God dey, (dis bell na to know if e dey alive or don die).

36 “Yu go take pure gold take make one plate and wetin yu go rite on-top
na, ‘Na God holy pass.’ 37 Make yu tie am put for blue lace, so dat e go
dey di priest kap. 38 Aaron go always wear am for en fore head, so dat e
go asept any sin wey Israel pipol kommit as dem dey offa dia gift give mi
and den, I go forgive dem.

39 “Yu go weave di tunik with fine linen, den make di priest kap with
fine linen and na who sabi design, go make am.

40 “Yu go make tunik and sashes for Aaron sons. Yu go make head-band
for dem, so dat dem go get glory and beauti. 41 Yu go wear dem give Aaron
yor broda and en sons. Yu go anoint, klean and santify dem, so dat dem
go fit serve as my priests. 42 Make yu make linen for dem to take kover
dia body: dem must kover demsef from dia neck go rish groun. 43 Aaron

and en sons must wear am anytime dem enter di tent where dem for dey
do meetin or wen dem dey go serve for di Most Holy Place for di altar, so
dat dem nor go die, bikos of any sin. Dis kommandment na for Aaron and
en shidren-shidren forever.”

# 29

*Dem Make Aaron Priest*

1 “Dis na how yu go take dedikate Aaron and en sons as my priest. Yu
go take one yong melu and two ram wey dey okay. 2 Den make bread wey
nor get yist; kake wey dem mix with olive oil and biscuit wey dem rub
with oil kon 3 put all of dem inside one basket with di melu and di two
ram.
4 “Yu go bring Aaron and en sons near di door-mot for di tent where dem
for dey do meetin kon wosh dem with wota. 5 Di garment wey bi tunik,
di priest garment dress, di main priest garment and di breast plate, yu go
wear dem for Aaron. Yu go use waistband wey dem weave well-well, take
tie di priest garment for en body. 6 Make yu put di priest kap for en head
and di holy crown go dey on-top di priest kap. 7 Yu go pour and anoint am
with di anointin oil. 8 Den yu go bring en sons kon wear di tunik for dem.
9 Put sash round dia waist kon wear head-band for dem, so dat dem go
serve as priest, just as God kommand dem. Na so yu go take klean Aaron
and en sons.
10 “Make yu bring di melu kom di tent front where dem for dey do
meetin, den Aaron and en sons go put dia hand on-top di melu head.
11 Dem go kill di melu for where God dey for di tent door-mot where dem
for dey do meetin. 12 Yu go take some of di melu blood with yor finger
kon put am for di altar horn, den yu go pour di remainin blood under di
altar. 13 Di fat wey dey inside di intestine; di part wey dey di liver top;
di two kidney and dia fat, make yu take dem follow Aaron and en sons,
den yu go burn dem for di altar. 14 But di melu flesh, en skin and en shit,
yu go-go burn dem outside di kamp. 15 Yu go take one ram kon sey make
Aaron and en sons go put dia hand on-top en head. 16 Den yu go kill di
ram kon rub en blood round di altar. 17 Den yu go kut di ram into pieces,
wosh di intestine and en two legs kon put dem on-top en head and di oda
part. 18 Yu go burn all di ram for di altar. Na burnt ofrin to God and Oga
God like di smell well-well; bikos na ofrin wey dem make with fire. 19 Yu
go take di sekond ram, den Aaron and en sons go put dia hand on-top en
head. 20 Den yu go kill-am, take some of en blood put for di korna for di
sons rite ear, di first big finger for dia rite hand and di big toe for dia rite
leg, den sprinkol di blood round di altar. 21 Make yu take some blood wey
dey di altar and some anointin oil, den sprinkol dem for Aaron and en
sons body, so dat Aaron and en sons with dia garments, go dey holy.
22 “Since dis na di ram to take santify Aaron and en sons, yu go remove
di fat for di tail, di fat for di intestine; di fat for di liver and di fat for di
kidney. Yu go still remove di fat for di rite leg from di knee go up. 23 Make
yu take one bread wey get olive oil; anoda one wey nor get and one biscuit
from di bread basket wey dem give di Oga awa God. 24 Yu go put all dis
tins for Aaron and en sons hand kon karry dem as special ofrin go give
awa God. 25 Den yu go take di bread from dia hand kon burn dem for di
altar as ofrin wey get betta smell to God. 26 Di ram wey yu use take klean

Aaron, make yu take di breast kon karry am as betta ofrin to God and e
go bi yor share.
27 “Make yu keep di part for di ram wey bilong to Aaron and en sons and
na di breast and di lap wey dem karry give God as holy ofrin. 28 Anytin
Israel pipol give God as dia peace ofrin, go bi Aaron and en sons share and
nobody go shange dis law.
29 “Dem go take Aaron holy garment give en pikin afta en don die, so dat
dem go anoint and make di pikin dey klean. 30 Anybody wey go take-ova
from Aaron as priest among en sons, go wear di garment for seven days
as e dey serve for di Tabanako and di Holy Place.
31 “Yu go take di ram kon kook en flesh for di Holy Place. 32 Aaron and
en sons go chop di ram meat and di bread wey dey inside di basket for di
door-mot for di tent where dem for dey do meetin. 33 Na dem go still chop
di bread and meat wey dem take klean and santify dem. No oda pesin
go chop from dem, bikos di food dey holy. 34 And if any of di ofrin meat
or di bread remain till morning, den yu go burn wetin remain with fire.
Nobody must chop am, bikos e dey holy.
35 “Yu go anoint Aaron and en sons for seven days, just as I kommand
yu. 36 Evriday, yu go prepare one melu as sin ofrin to klean dem. Yu go
make sakrifice for di altar to klean am and yu go anoint and santify am.
37 For seven days, yu go make sakrifice for di altar kon santify am, den di
altar go dey holy and anytin wey tosh di altar, go dey holy too.

*Evriday Ofrin*

38 “Naw, dis na wetin yu go prepare for di altar evriday: two lamb wey
bi one year old. 39 Yu go prepare one among di lamb for morning and di
sekond lamb, for evening. 40 Dis na di tin wey yu go offa give mi with di
first lamb: yu go offa am with di Tabanako efah wey get fine flower wey
dem mix with one kwota of oil wey dem press komot from some olives
and one kwota of wine as drink ofrin. 41 Den di sekond lamb wey yu go
offa for evening; yu go prepare am like di morning own, with drink ofrin
wey get betta smell; ofrin wey dem make with fire for God.
42 “Dis one go bi burnt ofrin for God and dem go dey do am evritime
for di Tabanako door-mot where dem for dey do meetin thru-out una
generashon; bikos na dat place I go for meet and tok to yu. 43 I go meet
Israel pipol for der too, bikos my present wey karry glory don make am
holy. 44 I go santify di tent where dem for dey do meetin, di altar, Aaron
and en sons, so dat dem go fit serve mi as priest. 45 I go stay with Israel
pipol and I go bi dia God. 46 Den dem go know sey na mi bi dia God, wey
take dem komot from Egypt, so dat I go fit stay with dem. Na mi bi di Oga
wey bi dia God.”

# 30

*Ofrin Altar*

1 “Yu go take akasia wood take make altar to burn incense. 2 E go long
rish one fit and half and na so too e go wide rish; e go bi four korna. En
horns go bi three fit for di four korna wey bi di same wood as di altar.
3 Yu go kover di top; all di four side and en horns wey bi pure gold, den
kon take gold round am. 4 Yu go make two gold ring under di borda for

di two side, so dat e go hold di poles wey dem go take karry am. 5 Yu go
take akasia wood take make poles kon kover dem with gold. 6 Den make
yu put di incense altar for di front of di curtain wey dey di Testimony Box
front (before di sakrifice place wey dey on-top di Testimony Box), where
I go for meet yu. 7 Evry morning wen Aaron kom prepare di lamp, e go
burn sweet incense for di altar. 8 And evry evening wen e lite di lamp, e
must still burn incense for God present. Dem go dey do dis tin from one
generashon go rish anoda. 9 Make yu nor burn incense wey nor holy for
di altar or any bad animal, korn or even pour drink ofrin on-top di altar.
10 Wons evry year, Aaron go klean di altar with blood from di horn and
dem go dey do like dis from one generashon go rish anoda, bikos e dey
holy to Oga God."

### *Tabanako Money*

11 God kon tell Moses, 12 "Wen ever yu dey kount Israel pipol akordin to
dia nomba, anybody wey dem kount go pay for en life to di Oga dia God,
so dat bad tin nor go happen to dem wen yu dey kount dem. 13 Anybody
wey dem kount go give small silva as holy ofrin to Oga God. (Di amount
na half shekel wey bi twenty gerah.) 14 Doz wey don rish twenty years,
must give dis holy ofrin to God. 15 Wen una one give dis ofrin to God, so
dat una go dey rite with am, rish pipol and poor pipol go pay di same tin.
16 Yu go kollect dis money from Israel pipol kon use dem take maintain di
Tabanako. Bikos of dis, Israel pipol go always dey Oga God mind and E go
klean una life."

### *Di Bronze Basin*

17 God tell Moses, 18 "Yu go still make bronze basin with bronze stand.
Yu go put wota inside am kon put am between di tent wey dem for dey
do meetin and di altar. 19 Aaron and en sons go use di wota take wosh dia
hand and leg. 20 Wen ever Aaron and en sons dey enter di Tabanako go
meet God or to go burn ofrins, dem must wosh demsef with wota, so dat
dem nor go die! 21 Dem must always dey wosh dia hand and leg, so dat
dem nor go die. Dis law na for dem and dia shidren forever."

### *Di Anointin Oil*

22 Den God tell Moses, 23 "Make yu selet betta spices like: twelf and half
pounds of pure myrrh, sinamon wey get betta smell and make e bi six and
one kwota pounds, sugarcane go bi six and one kwota pounds, 24 twelf
and half pound of kassia and una go measure dem as dem dey measure di
Tabanako shekel. Yu go still bring one gallon of olive oil. 25 Di anointin oil
wey dem mix like perfume, go dey holy and dem go dey use am for God
work. 26 Yu go use di oil take anoint di tent where dem for dey do meetin,
di Testimony Box, 27 di tabol and all en material; di lampstand and wetin
follow am, di incense altar, 28 di burnt ofrin altar and evry oda tin, di basin
and en lampstand. 29 Den yu go santify dem and dem go dey holy. Anytin
wey tosh dem go dey holy too. 30 Yu go anoint and santify Aaron and en
sons, so dat dem go fit serve as my priest. 31 Make yu tell Israel pipol,
'Una go always dey use dis holy anointin oil anytin una dey do God work.
32 Make una nor rub am for pipol body and make una nor make any oda
oil wey bi like am. E dey holy and e must dey holy to una. 33 Anybody wey

make perfume like am or take am rub strenja, dem go drive am komot
from di kommunity.' "

*Di Incense*

34 God kon tell Moses, "Make yu take spices like: gum, resin, onyx,
galbanum and pure frankincense and dem go bi di same amount. 35 Use
dem take make incense wey dem mix with perfume. E must dey smooth,
pure and holy. 36 Yu go grind some to powder, den put some for di
Testimony Box wey dey inside di tent where dem for dey do meetin; di
place where I go for meet yu. Na-im must dey holy pass to yu. 37 And yu
must nor make dis kind perfume for yorsef, bikos dis one na for God and
e must dey holy to yu. 38 Anybody wey make anytin like am, dem go drive
am komot from di kommunity."

# 31

*God House*

1 God tell Moses, 2 "Si, I don koll Bezalel wey bi Uri pikin wey en grand-
papa kom from Hur tribe for Judah. 3 I don put my Spirit inside am, so dat
e go know how to do difren work. 4 E know how to design some fine tins
with gold, silva and bronze and 5 how to kut wood and set stones. E still
know how to do kraft work well-well. 6 I don sey make Oholiab wey bi
Ahisamak pikin from Dan tribe, work with am. I don give special skill to
all dis pipol wey sabi work, so dat dem fit make all di tins wey I kommand
yu to do: 7 di Tabanako; di Testimony Box; di atonement box kover wey
dey on-top; all di tins wey dey inside di Tabanako; 8 di tabol and di tins
wey dey on-top; di pure lampstand with all di tins wey hold am, di incense
altar, 9 di burnt ofrin altar with all di tins wey e dey use; di basin with en
stand; 10 di garment wey dem weave; di holy garment wey Aaron and en
sons go wear to take serve as priest; 11 di anointin oil and di sweet incense
for di holy place. Di men must make evritin, just as I kommand yu."

*Sabat Day Law*

12 God kon tell Moses, 13 "Go tell Israel pipol sey, 'Una must keep my
Sabat Day, di day wey I dey rest, bikos na sign between mi and una thru-
out una generashon and e dey show sey na mi bi di God wey choose una.
14 Una must keep di Sabat Day, bikos e dey holy to una. Anybody wey
work for dat days, must die. 15 Una get six days to work, but di sevent
day wey bi Sabat Day, na to rest, bikos e dey holy to God; anybody wey
work for di sevent day, must die. 16 Israel pipol must keep di Sabat Day
and obey am from one generashon go rish anoda. Dis kovenant go last
forever. 17 Na sign between mi and Israel pipol forever. Bikos God use
six days take kreate di heaven and di eart and E rest for di sevent day.'
" 18 Wen God don tok to Moses finish for Mount Sinai, E kon gi-am two
stones wey E rite di kommandment put.

# 32

*Di Gold Melu*

1 Wen di pipol si sey Moses nor dey kom down from di mountin, dem
gada round Aaron kon tell am, "Make yu make one god for us wey go lead

us, bikos wi nor know wetin don happen to Moses wey take us komot from Egypt!"

2 So Aaron tell dem, "Make una bring di golds wey dey una wifes, sons and dotas ear kom."

3 So, di pipol take dia gold go give Aaron. 4 Aaron kollect and melt di
gold kon mold melu for dem. Wen di pipol si di melu, dem kon sey, "Israel pipol, dis na di god wey lead us komot from Egypt."

5 Aaron si as di pipol dey happy, so e build altar for di melu front kon sey, "Tumoro go bi Oga God Feast."

6 Di pipol wake-up di next day to offa burnt and peace ofrin. Afta dis, dem celebrate kon dey chop and drink, den dem start to do wetin God sey
make dem nor do. 7 God kon tell Moses, "Make yu kwik-kwik go down!
Yor pipol wey yu take komot from Egypt don dey sin and rijet mi. 8 Dem
kwik-kwik turn komot from di way wey I kommand dem o-o! Dem melt gold take make melu for demsef and dem don dey bow and offa sakrifice to am sey, 'Israel pipol, dis na awa god wey take us komot from Egypt.' "

9 Den God sey, "I don si how dis pipol sturbon and nor dey hear word.
10 Naw, make yu leave mi, so dat as I dey vex, I go distroy all of dem and I go make anoda great nashon from yu."

11 But Moses beg God kon sey, "My Oga! Why Yu dey vex with yor pipol
wey Yu take komot from Egypt with great pawa and mighty hand? 12 Why
Yu won let Egypt pipol sey, 'Dia God save dem with di mind to kill all of dem for di mountin kon distroy dem komot from di eart?' Make Yu shange yor mind about wetin Yu won do yor pipol, so dat Yu nor go dey vex for
dem. 13 Make Yu remember Abraham, Isaak and Israel yor savants wey Yu promise sey, 'I go make una shidren-shidren plenty like di stars for sky and all dis land wey I don tok about, I go give dem to una shidren-shidren and dem go stay der forever.' "

14 God shange en mind, so E nor kon ponish en pipol again.

15 Moses kom down from di mountin with di two kommandment stones
for en hand. God rite for di two side for di stones. 16 Naw di stones dem na God word and na God rite wetin dey inside di two stones.

17 Wen Joshua hear di nois as di pipol dey shaut, e kon tell Moses sey,
"Na war sound wi dey hear so for di kamp o-o." 18 But Moses ansa,

"Dat sound nor bi pipol wey dey shaut,
bikos of viktory
or kry bikos of defeat,
but na music sound I dey hear."

19 Wen Moses waka near di kamp kon si di melu and di way di pipol dey dance, e vex well-well. E trowey di stones wey dey en hand and dem
kon break to pieces. 20 E take di melu wey dem make, burn am inside fire; grind am to powder kon pour am inside wota and e force Israel pipol make dem drink am.

21 Moses kon tell Aaron, "Wetin dis pipol do yu wey make yu kause dis great sin for dem?"

22 Aaron ansa, "My oga, make yu nor vex too mush for mi; yu know sey
dis pipol wiked. 23 Dem tell mi sey, 'Make yu make god wey go lead us, bikos wi nor know wetin don happen to Moses wey take us komot from
Egypt.' 24 So I tell dem, 'Anybody wey get gold make e bring am kom.'
Wen dem give mi, I melt am and di gold kon turn to dis melu." 25 Moses

si sey bikos of Aaron, di pipol nor fit kontrol diasef again and dia enemies
dey laf dem. 26 So Moses stand for di kamp gate kon shaut sey, “If yu dey
God side, make yu kom meet mi.” Den Levi tribe gada go meet am.

27 Moses tell dem, “Di Oga wey bi Israel pipol God sey, ‘Make evribody
karry dia swod, bigin kill each oda thru-out di kamp. Make una bigin kill
unasef, brodas, friends and neighbours.’ ” 28 So Levi pipol kon do wetin
Moses kommand and dat day, na about 3,000 pipol die.

29 Den Moses tell Levi pipol, “Today, una don prepare unasef as priest
to serve God, bikos una obey am even doh una nid to kill una sons and
brodas. So God don bless una.”

30 Di next day, Moses tell di pipol, “Una don kommit sirious sin; but naw,
I go-go meet God, may bi E go fit forgive una.” 31 So Moses go meet God
kon sey, “True-true, dis pipol don kommit sirious sin as dem make gold
juju for demsef. 32 God, make Yu forgive dem, but if Yu nor go forgive
dem, den make Yu remove my name from di book wey Yu rite.” 33 God
ansa Moses, “No, doz wey sin against mi, na only dia names I go remove
from my book wey get life. 34 Naw make yu dey go; karry di pipol go di
place wey I bin tell yu! Si, my angel go lead yu. Wen di day rish wen I
go judge each pesin akordin to wetin e do, den I go ponish evribody for
dia sin.” 35 So, God send diziz go meet di pipol, bikos dem woship di melu
wey Aaron make.

# 33

### *Israel Pipol Komot From Mount Sinai*

1 God tell Moses, “Make yu and di pipol wey yu take komot from Egypt
go di land wey I promise Abraham, Isaak and Jakob sey, ‘I go give una
shidren-shidren.’ 2 And I go send one angel go before una rish der kon
drive Kanaan, Amor, Hit, Periz, Hiv and Jebus pipol komot der. 3 Una dey
go di land where milk and honey full. But I nor go dey with una, bikos
una bi sturbon pipol and if I travel with una, I fit go distroy una for road.”

4 Wen di pipol hear dis word, dem kon start to mourn and dem nor gri
wear ear-ring or gold again. 5 God tell Moses, “Make yu tell Israel pipol
sey, ‘Una too sturbon. So, if I go with una, I fit vex distroy una. Naw make
una remove all una gold and fine klot, even doh I still dey tink wetin I
go do with una.’ ” 6 So from di time wey Israel pipol komot from Mount
Horeb, dem nor ever wear gold or ear-ring again.

### *God Present*

7 Moses take di tent kon stand am for outside for di place wey far pass
for di kamp and e koll am, “Di tent where dem go for dey meet.” Anybody
wey won si God, go-go di tent for outside di kamp.

8 Wen Moses go di tent, all di pipol go get up kon stand for di gate for
dia tent door and dem go dey look Moses until e enter di tent. 9 Anytime
Moses enter di tent, di pila with kloud go kom down kon stand for di gate
and God go tok to Moses. 10 Wen all di pipol si di pila with kloud for di
gate, each pesin for en gate go stand up kon woship God. 11 God go tok
to Moses face-to-face, just as man dey tok to en friend. Den Moses go-go
back to di kamp; but en yong savant Joshua wey bi Nun son, nor go komot
from di tent.

### *God Promise*

12 Moses kon tell God, "Si, Yu don dey always tell mi sey, 'Take dis pipol
go dat land,' but Yu neva let mi know who Yu go send follow mi. But Yu
sey, 'I know Yu by yor name and Yu always dey good for my eye.' 13 Naw,
if really sey I dey good for yor eye, make Yu show mi yor way; so dat I go
know Yu more-more kon kontinue to dey good for yor eye. Den I go si sey
dis pipol, na yor pipol."
14 God ansa, "My present go-go with yu and I go give yu rest."
15 Moses sey, "If Yu know sey yor present nor go-go with us, den make
Yu nor take us komot from here. 16 How I go take know sey I dey good for
yor eye, both mi and yor pipol, Israel? Nor bi if Yu go with us (dat is, mi
and yor pipol), wi go dey difren from all di oda pipol for di world?"
17 God tell Moses, "I go still do wetin yu tok, bikos yu dey good for my
eye and I know yu by yor name."
18 Den Moses sey, "Make Yu show mi yor glory."
19 God ansa, "I go make all my goodness pass yor front and I go announce
my name as Oga God to yu. I go show kindness to who I choose and I go
show mesi to who I like show am to." 20 God still sey, "Yu nor go fit si
my face, bikos nobody wey si my face go survive." 21 God kon sey, "E get
one place near mi where yu fit stand put on-top one rock. 22 And wen my
glory dey pass, I go put yu for where open for di rock kon kover yu with
my hand until I don pass. 23 Den I go take my hand komot and yu go si my
back, but yu nor go si my face."

# 34

*Di Two Stone*

1 God kon tell Moses, "Make yu kut two stones kom out like di first ones
wey yu skata, den I go rite di same word put for dis ones. 2 Ready for
morning den make yu klimb go Mount Sinai go wait for mi. 3 Make nobody
follow yu klimb or near di mountin. Make any animal nor kom chop grass
under di mountin." 4 So for early morning, Moses kut two stones like di
first ones kon klimb go Mount Sinai, just as Oga God kommand am and e
karry di two stones follow body.
5 God kom down inside di kloud kon stand der with Moses, den E koll en
own holy name wey bi Oga God. 6 God pass en front kon sey, "Na mi bi Oga
God. I bi God wey get mesi and pity; I nor dey kwik vex; just as I big na so
too my love big rish and I nor dey fail. 7 I dey keep my promise to tazon
generashons. I dey forgive evil and sins. But I nor go fail to ponish wiked
pipol with dia shidren-shidren. I go ponish di third and fourt generashon,
bikos of wetin dia papa do naw."
8 So Moses kwik-kwik bow woship am 9 kon sey, "My Oga God, if I really
dey good for yor eye, make Yu go with us, bikos wi bi sturbon pipol; make
Yu forgive us awa evil and sin kon take us as yor pipol."

*Renew Kovenant*

10 God sey, "Si, I go make kovenant with Israel pipol. For dia present, I
go do many wonders wey neva happen for anywhere for dis world or any
kountry. And all di pipol wey dey with yu go si God work, bikos na wetin
dey fear pesin, I dey do with una. 11 Make yu obey wetin I dey kommand
yu today. I go drive Amor, Kanaan, Hit, Periz, Hiv and Jebus pipol komot
for una.

12 “Make una dey kareful, so dat una nor go make kovenant with di pipol
wey dey di land wey una dey go, if not, e go bi trap for una. 13 But una
must distroy dia altars; skata dia images and kut dia Asherah juju poles
trowey. 14 Una must nor woship any oda god, bikos di Oga God wey en
name na Jealousy, na God wey dey really jealous.

15 “Make una dey kareful, so dat una nor go make kovenant with di
pipol for di land, bikos wen dem bigin woship and sakrifice to dia juju,
dem go koll una make una join dem, den una go chop from dia sakrifice;
16 marry dia dotas for una sons and dia dotas go make una nor serve mi
well, instead una go kon dey woship dia juju. 17 Make una nor mold or
woship any gods.

18 “Una must always dey do di bread wey nor get yist feast. Una must
chop bread wey nor get yist for seven days, just as I kommand and e go bi
for Abib mont, bikos na for dat mont, una take komot from Egypt.

19 “Evry first-born wey bi man na my own; even di first pikin wey kattle,
melu or sheep born. 20 Una fit use one lamb take buy donkey first pikin
back, but if una nor go fit shange am, den make una break en neck. Una
must buy all una first-born back. Nobody go kom meet mi with empty
hand.

21 “Una go work for six days, but for di sevent day, una must rest; even
if na wen una dey prepare una land to plant or harvest. 22 Una must keep
di Week Feast wen una don bigin harvest di first fruit from una farm and
di Tanksgivin Feast wen di year don end. 23 Three times evry year, all una
men must kom stand before di Oga wey bi Israel pipol God. 24 Bikos una
dey kom meet mi di Oga una God three times evry year, I go drive di pipol
for doz kountry wey won stop una and I go make una land big; so dat
nobody go fit take una land.

25 “Make una nor offa my sakrifice blood with yist and di sakrifice from
di Passova Feast, must nor remain rish di next day. 26 Una must bring
di first fruit wey una harvest from una farm kom di Oga una God house.
Make una nor kill or chop animal wey still dey suck breast.”

27 God tell Moses, “Make yu rite dis words, bikos I don use dis word
make kovenant with yu and Israel pipol.”

28 So Moses dey der with Oga God for forty days and forty nites; Moses
nor chop bread or drink wota. E rite di kovenant word for di two stones
and na dem bi di ten kommandment.

### *Moses Face Shine*

29 Wen Moses kom down from Mount Sinai with di two stones wey dem
rite di kommand put, Moses nor know sey en face dey shine as e dey tok
with God. 30 Wen Aaron and Israel pipol look Moses face, dem si sey e dey
shine and dem kon dey fear to near am.

31 But Moses koll dem kom meet am, so Aaron and all di leaders waka go
meet am. Den Moses tok to dem. 32 Afta dis, Israel pipol kon near am and
e give dem all di kommandment wey God tell am for Mount Sinai. 33 Wen
Moses don tok to dem finish, e kon go kover en face with klot. 34 But wen
Moses dey go meet God, e dey remove di klot until e won kom meet di
pipol. Den e go kom out kon tell Israel pipol wetin God kommand am.
35 Wen ever Israel pipol si Moses face dey shine, Moses go kover en face
until e won go meet and tok to God.

# 35

### *Sabat Day Law*

1 Moses gada Israel pipol kon tell dem, “Dis na di word wey God sey una
must do. 2 Una fit work for six days, but for di sevent day wey dey holy to
una, na Sabat Day wen una go to take rest and woship God. Anybody wey
work, go die. 3 Nobody must lite fire for en house for di Sabat Day.”

### *Pipol Wey One Work*

4 Moses kon tell Israel pipol, “Dis na di word wey God kommand. 5 Make
una take ofrin kom give God. Make evribody give ofrin from en heart as
e fit do; ofrin wey bi gold, silva, bronze, 6 blue, purpol and red wool, fine
linen, goat hair, 7 ram skin wey dem dye with red, fine leda, akasia wood,
8 olive oil for di lantan, spices for di anointin oil and for di incense wey
get good smell. 9 Onyx stones and oda difren stones to set for di priest
garment and di Breast Plate.

### *Tins Wey Dey Tabanako*

10 “Anybody among una wey sabi work well-well, make e kom so dat
dem go make all di tins wey God kommand: 11 di Tabanako with en tent,
en kover, en klips, en frame, en cross bars, en post and wetin dem go stand
put; 12 di box with en poles, di kover and di klot to take kover am, 13 di
tabols with en poles and all en kontaina and di bread for en present; 14 di
lite, di lampstand and di tins wey follow am; di lamp cup and oil for di
lite; 15 di incense for di altar with en poles and di anointin oil; di incense
wey get good smell and di curtain for di Tabanako gate; 16 di altar for di
burnt ofrin with en bronze frame wey dey on-top and all wetin e dey use;
di wosh-hand basin and en stand, 17 di curtain for di kourtyard, en post
and en stand; di curtain for di kourtyard gate; 18 di Tabanako tent peg;
di kourtyard tent peg and dia rope; 19 di garment wey dem weave to take
serve for di Holy Place; di holy garments for Aaron and di garments for
en sons to take serve as priest.”

### *Di Pipol Ofrin*

20 Afta evritin, Israel pipol kon waka leave Moses. 21 And evribody wey
en heart move am and en spirit like to give kon bring ofrin for God. Dem
bring all di tins wey dem nid for di Tabanako, di tins wey dem go dey use
do work for der and di tins for di holy garment. 22 Na both men and wimen
kom, dat na di pipol wey dia heart like to give and dem bring dress pins,
ear-rings, rings and ornament. Dem still bring difren tins wey dem make
with gold as special ofrin to God. 23 And evribody wey get blue, purpol
and red wool, fine linen, goat hair, ram skin wey dem dye to red and fine
leda, bring dem kom. 24 All doz wey get silva or bronze give dem as ofrin
to God and doz wey get akasia wood bring dem kom make dem take work.
25 All di wimen wey know how to weave and sew bring wetin dem don
weave; both blue, purpol and red wool with fine linen. 26 And di wimen
wey dia mind move dem kon weave all di goat hair to wool. 27 Di leaders
bring onyx stones and oda ones to take set di priest garment and di Breast
Plate front. 28 Dem still bring spices, olive oil for di lite, di anointin oil and
di incense wey get good smell. 29 Nobody force Israel pipol as dem dey
give dia ofrin to God. Evry man and woman bring as en heart move am

to bring, so dat dem go take am do all di work wey God kommand dem thru Moses.

### *Men Wey Go Build Di Tabanako*

30 Den Moses tell Israel pipol, "God don koll Bezalel wey bi Uri pikin and
Hur grand-pikin, wey kom from Judah tribe. 31 E don full Bezalel with en
Spirit and E gi-am betta wisdom and undastandin, so dat e go fit do difren
tins. 32 E sabi use gold, silva, bronze and e dey design too. 33 E sabi kut
and set stones and dey use wood take do art work. 34 God give dis wisdom
and undastandin to en and Oholiab wey en papa na Ahisamak from Dan
tribe and dem go fit tish odas. 35 God give dem special skill to design with
blue, purpol and red wool with fine linen and to weave dem too. Dem sabi
dia work well-well."

## 36

1 So God give wisdom and undastandin to Bezalel, Oholiab and all di
pipol wey fit work, so dat dem go fit do anytin wey go help as dem dey
build di Tabanako kon do evritin just as God kommand.

### *Di Pipol Gift*

2 Den Moses tell Bezalel, Oholiab and evribody wey get handwork wey
God don give wisdom and wey get mind to work sey, "Make una bigin
work." 3 Moses give dem di ofrins wey Israel pipol bring to take do di
work for di Tabanako and di pipol still dey bring ofrin evry morning. 4 So
all di pipol wey fit work wey dey di sanctuary leave dia work. 5 Dem
go meet Moses kon sey, "Di tins wey di pipol don give don too many to
komplete di work wey God kommand sey make wi do!"
6 Den Moses send message go evriwhere for di kamp sey, "Make nobody
bring more ofrin for di Tabanako work again." So di pipol kon stop to give.
7 All di tins wey di pipol bring pass wetin dem nid to take do di work.

### *Di Tabanako*

8 All di pipol wey sabi work, make ten curtain for di Tabanako with fine
linen wey dem weave with blue, purpol and red wool kon design am with
image wey bi like angel. 9 One curtain long rish forty-two fit kon wide rish
six fit. All di curtains na di same size. 10 Dem join five curtains togeda to
make one curtain and na so too dem join di oda six curtains togeda. 11 Den
dem take blue material make shape for di korna for di curtain end for one
set; dem still do di same tin along di korna for di curtain end for di sekond
set. 12 Dem make fifty-fifty shape for di first curtain and for di curtain end
wey dey di sekond set and di shapes dey opposite each oda. 13 Den dem
make fifty gold hook take join di curtains togeda, so dat di Tabanako go bi
one.
14 From di eleven curtain wey dem make from goat hair, dem use won
take kover di Tabanako. 15 One curtain long rish forty-five fit and wide
rish six fit; di eleven curtains, na di same size. 16 Bezalel join five togeda
for one set and di remainin six for anoda set. 17 E still make fifty shape
along di korna for di curtain end for one set and fifty for di curtain for di
sekond set. 18 E still make fifty bronze hook to take join di tent togeda, so
dat e go form one kover. 19 E make two kover; di first one na ram skin wey
dem dye with red and di oda one na fine leda to take kover di first one.

20 E take akasia wood make di Tabanako frames wey stand. 21 Each frame
long rish fifteen fit and e wide rish two and one kwota fit. 22 Each frame
get two face wey mash each oda, so dat dem fit join di frames togeda. All
di frames get di same face. 23 Dem make twenty frame for di sout-side
24 and forty silva base under each frame wey go hold di two face. 25 For
di nort side for di Tabanako, e still make anoda twenty frame, 26 with dia
forty silva bottom; two bottom under each frame. 27 For di west side for
di Tabanako, e make six frame for am; 28 with two frames for di Tabanako
korna for back. 29 For di two korna, e doubol am for di bottom kon join
dem togeda for top with one ring. Na so e do for di two kornas. 30 Na eight
frame e make and dia silva bottom na sixteen; two bottom for each frame.
31 Den e use akasia wood take make cross bar; five na for di frames for
di nort side for di Tabanako 32 and five na for di frames for di sout-side
for di Tabanako. E still make five bar for di frame wey dey di Tabanako
back for west. 33 E make di middle bar from one end to di oda for where
di oda frames dey. 34 Den e take gold wrap am kon make gold ring wey go
hold di bar dem.
35 Den e use blue, purpol and red wool with fine linen wey dem weave
take make di curtains kon design am with angel. 36 E take akasia wood
make four post with four gold hook. E wrap dem with gold kon put dem
on-top four silva bottom.
37 For di Tabanako gate, e use blue, purpol and red wool with fine linen
wey dem weave, take make anoda curtain kon dekorate am. 38 E hook di
curtains for five post. E dekorate di top and dia hook with gold; but na
bronze e take make di five bottom.

# 37

*Di Kovenant Box*
1 Bezalel make di box with akasia wood; e long rish three fit nine inches
kon wide rish two fit three inches and e high rish two fit three inches.
2 E wrap am with pure gold, both for inside and outside. Den e take gold
make borda round am. 3 E make four gold rings kon tie dem for di four
korna with two ring for one side and anoda two ring for di sekond side.
4 Den e use akasia wood take make poles kon wrap dem with gold. 5 E put
di poles inside all di ring for di box korna, so dat dem go fit karry di box.
6 E still make di kover with pure gold and e long rish three fit nine inches
kon wide rish two fit three inches. 7 E melt gold take make two angel kon
put dem for di two end for di kover. 8 One angel for one end and di oda
angel for di oda end. E make dem, so dat dem go bi di same with di kover.
9 And di angels spread dia feada, so dat e go kover di box. Dem dey protet
di box as dem face each oda.

*Di Tabol*
10 Bezalel use akasia wood take make di tabol; e long rish three fit; wide
like one fit six inches and e high rish two fit three inches. 11 E kover am
with pure gold kon use gold do borda round am. 12 E still make frame for
am wey wide rish three inches kon take am round am and e make gold
borda for di frame. 13 Den e make four gold rings kon tie di rings for di
four korna where di four legs dey. 14 Di rings dey near di frame to kreate
shance for di poles wey karry di tabol. 15 Bezalel make dis poles with

akasia wood kon dekorate dem with gold. 16 Den e use pure gold make
special kontaina for di tabol tins like: plates, cups, jars and bowl wey dem
go use take pour di wine ofrin.

*Di Lampstand*

17 Bezalel melt pure gold take make di lampstand. E make all di
lampstand with en dekorashon with one material; di bottom, en shaft,
en cups, di fine flower, en small-small seed and di petal. 18 Di lampstand
get six branches wey kom out from all en side; tree branches from each
side. 19 Each of di six branches get three cup wey dem design like flower
wey get small-small seeds and dem dey shine. 20 Four cups wey get shape
like almond flower wey get small-small seed, dey for di lampstand. 21 E
get small-small seed under di first two branches wey kom out from am
and na so e bi for di six branches with two branches afta each oda. 22 Dia
small-small seed and branches na from di same material; all of dem na
pure gold wey dem melt. 23 E still make seven lamp for di lampstand, with
trimma and tray wey bi pure gold. 24 E make di lampstand and all di tins
wey follow am with seventy-five pounds of pure gold.

*Incense Altar*

25 Bezalel use akasia wood take make di incense altar. E long like one
foot and half and na so e wide rish too, e kon bi skware. E high rish three
fit. Na one material e still use make en horns. 26 E design am with pure
gold both for di top, en four wall and en horns, den e use gold take make
borda round am. 27 E still make two gold rings for am under en borda for
di two side, so dat e go hold di poles wey dem go take karry dem. 28 E take
akasia wood make di poles kon design dem with gold. 29 E make di holy
anointin oil and di incense wey get good smell, just like pesin wey sabi
make perfume, dey do.

# 38

*Burnt Ofrin Altar*

1 E use akasia wood take make di burnt ofrin altar. E long rish seven and
half fit; wide rish seven and half fit skware and e high rish four and half
fit. 2 E make horn for en four kornas; di horns na part of am. And e kover
dem with bronze. 3 Den e make all wetin dem go use for di altar. Tins like
pot, shovel, tossin pot, meat hook and fire pan and na bronze e take make
all of dem. 4 E make bronze frame for di altar and for under am. 5 E make
four rings for di bronze frame for di four korna, so dat space go dey for di
poles. 6 E take akasia wood make poles kon kover dem with bronze. 7 Den
e put di poles inside di rings for di altar. E make di altar with board and
e get holes.

*Di Bronze Basin*

8 E make di bronze basin and en bronze stand from di mirror wey bilong
to di wimen wey dey serve for di Tabanako gate.

*Di Kourtyard*

9 E make di kourtyard for di sout-side kon hang en curtain with fine linen
wey long rish one hundred and fifty fit, 10 with dia twenty post, dia twenty
bronze stand, silva hooks and rods. 11 For di nort side, di curtain na one

hundred and fifty fit, with dia twenty post, dia twenty bronze stand, silva
hooks and rods. 12 For di west side, di curtain long rish seventy-five fit,
with dia ten posts; di ten stand; dia silva hooks and rods. 13 Den for di east
side where di sun from dey raiz, di curtain wide rish seventy-five fit too.
14 Di curtains for one side long rish twenty-two and half fit, with dia three
post and three stand. 15 For di sekond side for di kourtyard gate, just like di
oda one, di curtain long rish twenty-two and half fit, with di three post and
three stand to support am. 16 Na fine linen dem take make all di curtains
wey round di kourtyard. 17 Di stands for di posts na bronze. Di hooks for
all di post and dia band, na silva and dem kover dem with silva for dia
top. All di kourtyard posts get silva bands. 18 Di curtain for di kourtyard
gate na blue, purpol and red wool with fine linen and dem design dem
well-well. E long rish three fit and like di curtain for di kourtyard, na so
too e high rish seven and half fit 19 with four post and four bronze stands.
Dia hook and rods na silva and dem kover dem with silva for top. 20 All
di tent pins for di Tabanako and round di kourtyard, na bronze dem take
make dem.

### *Di Tins Wey Dem Use*

21 Dis na di materials wey dem use take build di Tabanako, just as Moses
tok. Na Levi pipol do di work and Itama wey bi Aaron pikin, na-im dey
show dem wetin dem go do. 22 Naw, Uri pikin Bezalel wey Hur wey kom
from Judah bi en grand-papa, make evritin just as God kommand Moses;
23 and Oholiab wey bi Ahisamak pikin wey kom from Dan tribe, dey with
am and e dey karve; design and weave blue, purpol and red wool with
fine linen. 24 All di gold wey dem use for di Tabanako work, na ofrin wey
rish twenty-nine talent and seven hundred and three shekel akordin to
di Tabanako shekel. 25 And di silva from di pipol wey dem kount for di
kommunity na one hundred talent and 1,775 shekel as dem go kount am
for di Tabanako. 26 Dis amount na di same for each pesin. Na di same as
half shekel akordin to di Tabanako shekel, bikos di pipol wey plenty rish
like dat from twenty years go up, na 603,550 dem bi. 27 Na one hundred
talent of silva dem use take make di stand for di Tabanako and di curtain;
one hundred stand na for one hundred talent; while one talent na for each
stand. 28 From di 1,775 shekel wey remain, Bezalel make hooks for di posts
kon kover dia top, den e make rod for dem. 29 Di bronze from di ofrin na
seventy talent and 2,400 shekel. 30 With dem, Bezalel make di stand for
di tent door where dem for dey do meetin and di bronze altar; di bronze
frame for am and all di tins wey dem go use for di altar, 31 round di stands
for di kourtyard and di stands for di gate; all di tent pins with di ones wey
dey round di kourtyard.

# 39

### *Di Priest Garment*

1 From di blue, purpol and red wool, dem kon make garments wey dem
weave to take serve for di sanctuary; dem make holy garments for Aaron
just as God kommand Moses.

### *Di Efod*

[2] E use gold, blue, purpol and red wool with fine linen take make priest
garment. [3] Dem melt di gold kon turn am to flat shit, den kut am small-
small, so dat dem go weave dem to di blue, purpol and red wool with fine
linen and dis na di artist work.
[4] Dem make shoulder part for am kon tie am join di two kornas, so
dat dem go join dem togeda. [5] Di fine belt wey dem weave join di priest
garment na di same material with am, so dat e go bi one piece with di gold,
blue, purpol and red wool with fine linen, just as God kommand Moses.
[6] E put di two onyx stones inside gold wey dem design, den rite Israel sons
name put. [7] E put dem for di priest garment shoulder pieces as stones to
take remember Israel sons, just as God kommand Moses.

### *Di Breast Plate*

[8] Den e make di Breast Plate kon design am like di priest garment with
gold, blue, purpol and red wool with fine linen. [9] Na skware e bi, e doubol
di Breast Plate and e long rish nine inches kon still wide like dat wen dem
doubol am. [10] Dem put four row of stones on-top am: di first row na with
rubi stone, topaz stone and beryl stone. [11] Di sekond row na turkwoise
stone, safaya stone and emerald stone; [12] di third row na with jacint stone,
agate stone, ametist stone [13] and di fourt row na with chrysolite stone, onyx
stone and jasper stone. Dem put dem inside di gold wey dem dekorate.
[14] Di stones na Israel twelf sons name and each name na akordin to di
twelf tribes and dem make am as dem take seal am. [15] Dem take pure
gold make shain wey twist like rope. [16] Dem make two gold dekorashon
and two gold ring kon tie di two rings join di end side for di Breast Plate.
[17] Dem tie di two gold shain to di two rings for di Breast Plate ending [18] kon
tie di oda two end side for di two shain to di two setin, den tie dem for
di priest garment shoulder pieces front. [19] Den dem use gold take make
two rings put for di oda two end for inside di priest garment for di Breast
Plate. [20] Dem still make two gold rings kon tie dem join di bottom for di
two shoulder pieces for di priest garment front, near where dem join am
for di priest garment belt. [21] Dem tie di Breast Plate for di rings to di priest
garment rings with blue rope, so dat e go dey for di priest garment belt
top and di Breast Plate nor go luz komot from di priest garment, just as
God kommand Moses.

### *Di Oda Garment*

[22] E weave di priest garment robe with blue. [23] Di robe centre open like
kollar wey dem weave di korna round, so dat e nor go tear. [24] Dem make
pomegranate fruit with blue, purpol and red wool with fine linen round
di robe. [25] Dem use pure gold take make bell kon tie di bell between di
pomegranate fruit round di robe. [26] E get one bell and one pomegranate
fruit round di robe, wey dem go take dey minister, just as God kommand
Moses. [27] Dem weave fine linen for Aaron and en sons [28] and fine linen
priest kap, linen head-band and fine linen undawear. [29] Di sash na fine
linen and blue, purpol and red wool wey dem do with design, just as God
kommand Moses. [30] Dem make one plate, di holy crown with pure gold
and dem rite on-top am just as dem dey rite for seal sey, “Holiness na God
own.” [31] Den dem tie one blue rope join am with di priest kap for top, just
as God kommand Moses.

### *Moses Shek Di Tabanako*

32 So dem kon finish di Tabanako work and di tent where dem for dey
do meetin. Israel pipol do just as God kommand Moses. 33 Dem show
Moses di Tabanako, di tent and all di tins for inside. Di whole frame, bar,
post and stands. 34 And di ram skin wey dem dye red as kover; di fine
leda kover and di curtain to guide am. 35 Di Kovenant Box, en poles and
di kover; 36 di tabol; all en tools and di bread for en present; 37 di pure
lampstand; en lamps, di lamp wey e set well and all wetin follow am; di
oil for di lite; 38 di gold altar; di anointin oil and di incense wey get good
smell. Di curtain for di tent gate; 39 di bronze altar and en frame; en poles
and all wetin follow am; di basin with en stand; 40 di kourtyard curtains;
en posts, stand and di curtain for di kourtyard gate. En ropes; di tent pins
and all di tins wey dem go use for di Tabanako work and for di tent where
dem for dey do meetin. 41 Di garment wey dem weave to take serve for
di Tabanako, di holy garments for Aaron; di post and di garment wey en
sons go wear take serve as priest.

42 Israel pipol do all di work, just as God kommand Moses. 43 Moses si
di work kon know sey dem do am, just as God kommand, so e kon bless
dem.

# 40

### *Dem Build Di Tabanako Finish*

1 Den God tell Moses: 2 "For di first day for di first mont, yu go arrange di
Tabanako, di tent where dem for dey do meetin. 3 Yu go put di Testimony
Box inside kon kover di box with curtain. 4 Yu go bring di tabol inside kon
put di tins wey bilong to am on-top; den yu go bring di lampstand inside
with en lamps.

5 "Yu go put gold altar for di incense for di Testimony Box front kon put
di curtain for di Tabanako gate. 6 Yu go put di altar for di burnt ofrin for di
Tabanako gate and di tent where dem for dey do meetin. 7 And yu go put
di basin between di tent where dem for dey do meetin and di altar, den
pour wota inside. 8 Yu go put di kourtyard round am kon put di curtain
for di kourtyard gate.

9 "Make yu take di anointin oil, anoint di Tabanako and all di tins wey
dey inside kon santify dem with all en tins and dem go dey holy. 10 Den
yu go anoint di altar for di burnt ofrin with all en tins kon santify di altar
and e go bi di altar wey dey holy pass. 11 Yu must anoint and santify di
basin and en stand.

12 "Yu go bring Aaron and en sons kom di door-mot for di tent where
dem for dey do meetin kon wosh dem with wota. 13 Den yu go dress Aaron
with di holy garments kon anoint and santify am make e for fit serve as
my priest. 14 Yu go bring en sons, dress dem with tunik 15 kon anoint dem,
just as yu anoint dia papa make dem for fit serve as my priests too and
dia anointin go make dem kontinue di work thru-out dia generashon."

16 Dis na wetin Moses do akordin to evritin wey God kommand am. 17 So
dem start to use di Tabanako for di first day for di first mont for di sekond
year. 18 Wen Moses start to use di Tabanako kon put di stands for dia place,
e arrange di frames kon tie di bars. E still arrange di posts. 19 Den e spread
di tent on-top di Tabanako kon kover am, just as God kommand am.

[20] E take di testimony stones kon put am inside di box, tie di poles for
di box, den put di kover on-top. [21] E take di box enter di Tabanako; hang
di curtain wey dey protet am kon kover di Testimony Box, just as God
kommand.
[22] E put di tabol inside di tent where dem for dey do meetin for di nort
side, outside di curtain. [23] Den e set di bread on-top am for God front, just
as God kommand.
[24] E put di lampstand inside di tent where dem for dey do meetin
opposite di tabol for di sout-side. [25] And e put di lamps before God, just as
God kommand am. [26] E put di gold altar inside di tent where dem for dey
do meetin for di curtain front [27] den di incense wey get good smell, e kon
burn am put, just as God kommand.
[28] Den e put di curtain for di Tabanako door. [29] E still put burnt ofrin
altar for di Tabanako gate, di tent where dem for dey do meetin kon put
di burnt ofrin and food ofrin for top, just as God kommand.
[30] Den e put di basin between di tent where dem for dey do meetin and
di altar kon pour wota inside to take dey wosh. [31] Moses, Aaron and en
sons go wosh dia hand and leg for inside. [32] Anytime dem enter di tent
where dem for dey do meetin or waka near di altar, dem go first wosh dia
body, just as God kommand.
[33] E set di kourtyard round di Tabanako and di altar, den put di curtain
for di gate for di kourtyard. So Moses finish di work.

### *Kloud For Tabanako*

[34] Den di kloud kover di tent where dem for dey do meetin and God
glory kon full inside di Tabanako. [35] Moses nor fit enter di tent where dem
for dey do meetin, bikos di kloud rest on-top am and God glory kover di
Tabanako.
[36] But wen ever di kloud komot from di Tabanako, Israel pipol go
kontinue dia journey; [37] but if di kloud nor komot, dem nor go-go anywhere
until di day wen di kloud go komot. [38] God kloud dey-dey di Tabanako for
day time and na fire e dey bi for nite and evribody for Israel dey si am as
dem dey travel.

# Levitikus
## Introdushon

Levitikus na di third book wey Moses rite. Dis na di law book wey God give Israel pipol wen dem kom from Egypt. God go guide en pipol until dem rish and enter Kanaan land wey E promise dem. Aldo, Levitikus nor only tok about only di works wey Levi pipol go do, but e still tok about di service for di Tabanako wey di priests and Aaron pikin dem dey do too and na Levi pipol dey assist dem. Na Exodus bin give di direcshon of how dem go take build di Tabanako and Levitikus give di laws and regulashon of how dem go take woship for der, plus di rules on how dem go take do all di sakrifice to klean diasef, di main laws, di days wey dey holy, di Sabat year and di Jubili year. Dem give dis laws wen Israel pipol dey for Mount Sinai for di wildaness and na God show Moses how Israel pipol, dia leaders and dia sojas go take dey woship.

### *Sakrifice Law*

1 God koll Moses kon tell am from di Tabanako sey: 2 "Make yu go tell
Israel pipol sey, 'Wen anybody one sakrifice animal give God, e fit use en
kattle, sheep or goat.

### *Burnt Ofrin*

3 " 'If na burnt ofrin from en animals, e must bring man own wey dey
okay kom Tabanako, so dat God go asept am. 4 E go put en hand for di
animal head and God go asept am as sakrifice to take forgive en sin.' 5 Den
e go kill di animal for der and di priests wey bi Aaron sons go give God
di blood kon put am for di four side for di altar wey dey for di tent gate.
6 Den di pesin wey dey give di ofrin go remove di animal skin kon kut
am small-small 7 and di priests go arrange and lite firewood near di altar.
8 Dem go put all di animal part for inside, plus di head and di fat. 9 Di man
wey dey give di ofrin must wosh di animal intestine and legs and di priest
go burn evritin for di altar. God like dis food ofrin smell well-well.
10 " 'If di man dey give one sheep or goat, e must bi man own wey dey
okay. 11 E go kill-am for di nort side for di altar and di priest go put di
animal blood for di four side for di altar. 12 Afta di man don kut am small-
small, di priest go kon put all di animal part, plus en head and fat for fire.
13 Di man wey dey give di ofrin must wosh di animal intestine and legs,
den di priest go burn evritin for di altar. God like dis food ofrin smell
well-well.

### *Bird Ofrin*

14 " 'If di man one give bird as burnt ofrin, e must bi dove or pijin. 15 Di
priest must offa am for di altar, e go twist en neck kon burn en head for
di altar. E go remove di blood kon put am for di altar side. 16 E go remove
di intestine and all di tins wey dey inside kon trowey dem for di east side
for di altar where dem dey put di ashes. 17 E go hold di feada kon tear di
body open. E nor go allow di feada fall komot, den e go burn evritin for
di altar. God like dis food ofrin smell well-well.

# 2

### *Korn Ofrin*

1 “ ‘Wen una dey give korn ofrin to God, una must first grind am to
powder. Una must put olive oil and incense on-top 2 kon take am go give
Aaron sons wey bi priest. Di priest go pak di flower, oil and all di incense
full en hand kon burn am for di altar as part of di ofrin wey dem give
God. God like dis food ofrin smell well-well. 3 Di remainin korn ofrin na
di priests own; e dey holy, since dem remove am from di food wey dem
give God.

### *Ofrin Wey Dem Bake*

4 “ ‘If di ofrin na bread wey dem bake for oven, den dem must nor make
am with yist. E fit bi tick bread or biscuit wey dem make with flower kon
mix am with olive oil. 5 If di ofrin na bread wey dem kook for iron plate,
dem go make am with flower wey dem mix with olive oil, but make e nor
get yist. 6 Make dem grind am to pieces kon pour olive oil inside, bikos na
korn ofrin. 7 If di ofrin na bread wey dem kook for plate, dem must make
am with flower and olive oil.
8 “ ‘Make una bring am to di priest as ofrin for God and di priest go take
am go di altar. 9 Di priest go take some for inside kon burn am for di altar.
God like dis food ofrin smell well-well, bikos e dey special. 10 Di remainin
ofrin na di priest own; e dey holy, bikos dem take am komot from di food
ofrin wey dem give God.
11 “ ‘Make una nor give God korn ofrin wey dem make with yist; una
must nor make di food ofrin wey una go give God with yist or honey. 12 Una
go give God ofrin from di first korn wey una harvest each year, but una
nor go burn am for di altar. 13 Make una put salt for all una korn ofrin,
bikos di salt dey show di kovenant between una and God.
14 “ ‘Wen una dey bring di ofrin wey una get from di first korn wey
una harvest, make una give korn wey dem roast and food wey dem grind.
15 Make una put olive oil and incense on-top. 16 Di priest go burn di part
for di food and di oil wey e take, plus all di incense and dem go bi food
ofrin to God.

# 3

### *Peace Ofrin*

1 “ ‘Wen pesin won give en animal as peace ofrin, e fit bi man or woman
own, but di animal must dey okay. 2 Di man go put en hand for di animal
head kon kill-am for di door-mot for di tent where dem for dey do meetin.
Den Aaron sons wey bi priests, go rub di blood for di altar four side 3 kon
give all dis parts for di animal to God as food ofrin: all di fat wey dey
inside di animal intestine; 4 di kidney, di fat wey dey di kidney and di part
for di liver wey good well-well. 5 Di priest go burn all of dem for di altar
with di burnt ofrin. God like dis food ofrin smell well-well.

### *Animal For Peace Ofrin*

6 “ ‘Dem fit use sheep or goat take do peace ofrin, weda na man or
woman, but e must dey okay. 7 If una give sheep as ofrin, una must gi-am
for God present. 8 Una go put una hand for di animal head kon kill-am
for where dem for dey do meetin for di tent door-mot. Di priest go rub

di blood for di altar four side [9] kon give all dis part to God as food ofrin:
di fat, all di fat tail wey dem kut komot from near di backbone; all di fat
wey kover di animal intestine; [10] di kidney and di fat wey dey di kidney;
plus di part for di liver wey good well-well. [11] Di priest go burn dem for
di altar as food ofrin to God.
[12] " 'If una give goat as una ofrin, una must bring am kom God present,
[13] put una hand for di animal head kon kill-am for di tent front. Di priest
go rub di blood for di altar four side [14] kon give all dis part to God as food
ofrin: all di fat wey dey di intestine, [15] di two kidney with dia fat and di
part for di liver wey good well-well. [16] Den di priest go burn dem for di
altar as food ofrin to God and God like am well-well. All di fat na God own.
[17] " 'Make una nor ever chop any fat or blood and Israel pipol must obey
dis law from one generashon go rish anoda.' "

# 4

*Sin Ofrin*

[1] God kommand Moses, [2] "Make yu tell Israel pipol sey, 'Dis na how una
go trit anybody wey break God kommand by mistake.

*For Priest*

[3] " 'If na di High Priest sin kon make di pipol dey guilty, e go give one
yong melu wey dey okay to God for en sin. [4] E go take di melu go di tent
gate, put en hand for di melu head kon kill-am for God present. [5] Den di
High Priest go take some of di melu blood kon karry am enter di tent. [6] E
go shuk en finger for di blood kon sprinkol am seven times for di holy
curtain front. [7] Den e go put some of di blood for di horn for di incense
altar wey dey di tent. E go pour di blood wey remain under di altar wey
dem dey use take dey burn ofrin, wey dey di tent gate. [8] E go take all di
fat from di sin ofrin melu, plus di fat wey dey di intestine; [9] di two kidney
and dia fat and di part for di liver wey good well-well. [10] Di priest go take
dis fat kon burn am for di altar wey dem dey use for burnt ofrin, just as e
dey do for any animal wey dem kill for di peace ofrin. [11] But e go take di
skin, all di flesh, leg and intestine [12] den karry dem go outside di kamp for
where dem dey pour ash put, den e go burn dem for der with firewood.

*Di Whole Israel*

[13] " 'If na Israel pipol kommit sin by mistake kon break one of God
kommand and dem nor know, dem still don sin bi dat. [14] But wen dem
know sey dem sin, di pipol must bring one yong melu take do sin ofrin.
Dem go bring am kom di tent where dem for dey do meetin. [15] Di leaders
go put dia hand for di melu head kon kill-am for der for God present. [16] Di
High Priest go take some of di melu blood go inside di tent. [17] E go shuk en
finger for di blood kon sprinkol am seven times for di holy curtain front.
[18] Den e go put some blood for di horn for di incense altar wey dey di tent.
E go pour di blood wey remain for under di altar wey dem dey use take
dey burnt sakrifice wey dey di tent gate. [19] Den e go take all di fat kon
burn dem for di altar. [20] E go do di same tin with dis melu as e bin do with
di melu wey dem use for di High Priest sin ofrin. Na so e go take sakrifice
for di pipol and God go forgive dem. [21] E go karry di melu go outside di
kamp go burn am, just as e take burn di melu wey e give for en own sin.

### *Di Leaders*

22 “ ‘If one among Israel leaders sin kon break God kommand by mistake,
23 den as e just know sey e sin, e must bring woman goat wey dey okay
as en ofrin. 24 E go put en hand for di animal head kon kill-am for di nort
side for di altar, where dem for dey kill animals for burnt ofrin. Dis na di
ofrin wey dey remove sin from pesin body. 25 Di priest go shuk en hand
inside di animal blood kon put am for di horn for di altar wey dem dey
use for burnt ofrin. Den e go pour di remainin ones under di altar. 26 E
go burn all di fat for di altar, just as e take burn di fat for di animal wey
dem kill take do peace ofrin. Na so di priest go take do di sakrifice for di
leader wey sin and God go forgi-am.

### *Ordinary Pesin*

27 “ ‘If na ordinary pesin sin kon break God kommand by mistake, 28 den
as e just know sey e sin, e go bring woman goat wey dey okay as en ofrin.
29 E go put en hand for di animal head kon kill-am for di nort side for di
altar, where dem for dey kill animals for burnt ofrin. 30 Di priest go shuk
en hand inside di animal blood kon put am for di horn for di altar wey
dem dey use for burnt ofrin. Den e go pour di remainin ones under di
altar. 31 E go remove all di fat, just as e do with di fat for di peace ofrin. E
go burn am for di altar with di food ofrin wey dem give God. As di priest
give dis sakrifice, God go forgive di man.

32 “ ‘If e bring sheep as en sin ofrin, e must bi woman own wey dey okay.
33 E go put en hand for di animal head kon kill-am for di nort side for di
altar, where dem for dey kill animals for burnt ofrin. 34 Di priest go shuk
en hand inside di animal blood kon put am for di horn for di altar wey
dem dey use for burnt ofrin. Den e go pour di remainin ones under di
altar. 35 E go remove all di fat, just as e do with di fat for di peace ofrin. E
go burn am for di altar with di food ofrin wey dem give God. As di priest
give dis sakrifice, God go forgive di man.

## 5

### *Oda Laws For Sin Ofrin*

1 “ ‘If dem koll yu make yu kon tok about sometin wey yu si or wey
happen for yor present and yu nor gri, yu don sin bi dat and dem must
ponish yu.

2 “ ‘Or if yu tosh anytin wey nor dey klean and yu nor know; sometin
like dirty animal wey don die. Wen yu kon know wetin yu do, yu must
show sey yu nor dey klean again and yu don sin.

3 “ ‘Or if yu by mistake tosh sometin wey dey make pesin dirty for God
eye, den wen yu know, yu must gri sey yu don sin. 4 May bi pesin make
vow wey e nor sirious about, no matter wetin e bi, e don kommit sin wons
e know wetin e do.

5 “ ‘If anybody know sey e dey guilty for wetin e do, dat pesin fit go
konfess en sin. 6 Den e must bring woman goat or sheep kon give God as
ofrin for en sin. Dis na sin ofrin wey di priest go take klean am, so dat
God go forgi-am.

7 “ ‘But if di pesin nor fit bring sheep or goat, e go bring two dove or two
pijin as ofrin for di sin wey e kommit. One go bi for di sin ofrin and di oda

one go bi burnt ofrin. 8 E go bring dem kom meet di priest, wey go first
offa di bird for di sin ofrin kon break en neck, but e nor go komot di neck
from di body. 9 Den e go sprinkol some of di sin ofrin blood for di altar
kon pour di remainin one under di altar. Dis na for di sin ofrin. 10 Den e
go offa di sekond bird as burnt ofrin akordin to di law. As di priest give
dis sakrifice, God go forgive di man.

11 " 'But if di man nor fit bring two dove or pijin, e go bring one kilogram
for flower as di sin ofrin. E nor go put any olive oil or incense join am,
bikos na sin ofrin e bi, nor bi korn ofrin. 12 E go bring am kom meet di
priest wey go pak di flower full en hand as di sin ofrin to God, den e go
burn am for di altar as food ofrin, even doh na sin ofrin e bi. 13 As di priest
give dis sakrifice, God go forgive di man. Di remainin flower na di priest
own, just as e bi for korn ofrin.' "

### *Guilt Ofrin*

14 Den God tell Moses: 15 "Wen anybody disobey mi by mistake kon
kommit sin as e nor obey God holy propaty, den e go bring guilt ofrin to
God. Di ofrin must bi en own ram wey dey okay, or e fit use silva take buy
betta one, just as dem dey measure am with di Tabanako shekel. 16 Any
holy tin wey e spoil, e must pay back and e go add twenty percent give
di priest and di priest go offa di animal as sakrifice for di sin wey di man
kommit, den God go forgi-am.

### *Sin Wey Pesin Nor No*

17 "If anybody break God kommand and e nor know, di pesin dey guilty
and e must pay for en sin. 18 E go bring man sheep or goat wey dey okay
kon give di priest as ofrin for en sin. Den e go measure am akordin to di
Tabanako shekel. As di priest give dis sakrifice, God go forgive di man.
19 Dis ofrin na for di sin wey pesin sin against God."

## 6

### *Wen Pesin Disobey*

1 Den God tell Moses: 2 "If pesin sin against God wen e nor gri riton
wetin e take as shorti from anoda pesin or wen e tif or play wayo, 3 or e si
sometin wey lost kon lie and swear sey e nor si am, e must give ofrin. 4 If
any man kommit dis kind sin, evritin wey e get thru wayo or lie-lie, e go
must riton dem. 5 Di day wey e dey riton dem, e go pay di owner komplete
money kon add twenty percent join am. 6 Den e go take en sin ofrin go
give God thru di priest and e go bring ram wey dey okay and wey dem go
fit shange to silva shekel for en sin ofrin. 7 As di priest offa dis sakrifice,
di man go dey good for God eye again and God go forgi-am."

### *Sakrifice Law For Di Priest*

8 God tell Moses: 9 "Make yu kommand Aaron and en sons sey, 'Dis na di
burnt ofrin law. Dem go leave di burnt ofrin on-top di altar till day break
and di fire go kontinue to dey burn. 10 Den di priest go wear e linen robe
and nika, remove di ashes for di fire wey dey di altar kon put dem near
di altar. 11 Den e go shange en klot kon take di ashes go one klean place
for outside di kamp. 12 But di fire wey dey di altar must kontinue to dey
burn. Make dem nor kwensh am. Evry morning, di priest go put firewood

on-top di fire, e go arrange di burnt ofrin on-top am kon burn di fat for di
peace ofrin. 13 Di fire must kontinue to dey burn on-top di altar and dem
nor go let am kwensh.

### *Korn Ofrin For Ordinary Pesin*

14 " 'Dis na di law for korn ofrin. Aaron sons go present am before God
for di altar front 15 and di priest go pak some of di flower, di oil and di
incense for di top kon burn am on-top di altar as sakrifice to God. God
dey like dis ofrin smell. 16 Aaron and en sons go chop di remainin ones.
Dem go take am make bread wey nor get yist kon chop am for di Holy
Place where God Temple dey. 17 Dem must nor make di bread with yist. I
don gi-am to dem as gift. E dey holy well-well like di one for sin and guilt
ofrin. 18 Evry boy pikin wey Aaron born, must chop am. Na dis go always
bi dia share wen ever dem offa ofrin to God. God go ponish anybody wey
tosh di food ofrin, bikos e dey holy.' "

### *Korn Ofrin For Di Priest*

19 Den God tell Moses: 20 "Dis na di ofrin wey Aaron and en sons go
present to God for di day wey dem go anoint dem: One kilogram of flower
(di same amount as evriday korn ofrin), half for morning and half for
evening. 21 Dem go mix am with oil kon kook am with iron plate. Dem go
soak am well-well, before dem go bring am kom. So una go present am as
korn ofrin, di kind smell wey God dey like well-well. 22 Di priest wey go
take-ova from Aaron among en sons, go always dey do am. Na God get am
and dem go burn am komplete. Dis law na forever. 23 Dem nor go chop
any part for di korn ofrin wey di priest make; dem must burn all of dem
finish."

### *Sin Ofrin*

24 Den God tell Moses: 25 "Make yu tell Aaron and en sons sey, 'Dis na di
law for sin ofrin. For di place where dem take kill di animal for di burnt
ofrin for di nort side for di altar, na der dem go still take kill di animal for
sin ofrin. Dis ofrin dey holy to God. 26 Di priest wey sakrifice di animal
go chop am for di Holy Place inside God Temple where dem for dey meet.
27 Anybody wey tosh di animal meat must dey holy and anybody wey di
animal blood stain en garment or di Holy Place, must wosh am. 28 Dem
must break di klay pot wey dem take boil di meat, but if dem use iron pot,
dem go wosh am well-well kon rinse am with wota. 29 Di men among di
priest family fit chop dis ofrin, bikos e dey holy. 30 But if dem karry di
blood enter God Temple kon use am as sakrifice to remove sin, dem nor
go chop di animal at-all; dem must burn am finish.' "

## 7

### *Guilt Ofrin*

1 God still tell Moses, "Dis na di law for guilt ofrin and e dey holy. 2 Una
go do di guilt ofrin for di nort side for di altar, where dem for dey do di
burnt ofrin kon rub di blood for di four side for di altar. 3 Una go remove
all di fat wey dey di animal kon offa am to God for di altar: di fat tail,
di fat wey kover di intestine, 4 di two kidney and dia fat and di best part
for di liver. 5 Di priest go burn all di fat for di altar as food ofrin to God.

Na dis bi di guilt ofrin. [6] Anybody wey kom from di priest family fit chop
am. Dem must chop am for di Holy Place, bikos e dey holy. [7] Dis law na
di same for both sin and guilt ofrin: na di priest wey sakrifice am get di
meat.

*Di Priest Part For Di Ofrin*

[8] "Di animal skin wey dem give as burnt ofrin na di priest wey sakrifice
am, get am. [9] Evry korn ofrin wey dem bake for oven, pan or iron plate,
na di priest wey offa am to God, get am. [10] But korn ofrin wey dem nor
kook, weda dem mix am with oil or dry am, na Aaron sons get am and
dem must share am among dem.

*Peace Ofrin*

[11] "Dis na di law for di peace ofrin wey dem sakrifice give God. [12] If
anybody tank God with dis ofrin, e go still bring bread wey dem nor make
with yist: weda di bread strong or dem mix am with olive oil. E fit bi
biscuit wey dem rub olive oil put or kake wey dem make with flower kon
mix am with olive oil. [13] E go still give bread wey dem bake with yist for
dis ofrin too. [14] E go give one part for each bread as special ofrin to God;
na di priest wey take and rub di animal blood for di altar, get am. [15] Dem
must chop di meat for di same day wey dem sakrifice am; no meat must
remain till di next morning.

[16] "If anybody bring peace ofrin to take pay en vow or e do am from en
mind, nor bi all of dem una go chop di day wey e gi-am, but dem fit chop
di remain wons for di next day. [17] But dem must burn di meat wey remain
for di third day. [18] If dem chop any one for di third day, God nor go asept
di man ofrin. God nor go favor en and di ofrin, bikos e nor dey klean and
anybody wey chop am go sofa di ponishment.

[19] "If di meat tosh wetin nor dey klean, den una must nor chop am; una
must burn am for fire. But meat wey dey klean, evribody wey dey klean
fit chop am, [20] but if pesin wey nor dey klean go chop am, e nor go dey
among God pipol again. [21] If anybody tosh wetin nor dey klean, (weda
na human being, animal or anytin) den kon chop dis ofrin meat wey dem
give God, dem go remove di pesin from di kommunity."

*Sakrifice Law For Ordinary Pesin*

[22] God tell Moses: [23] "Make yu go tell Israel pipol sey, 'Make una nor
chop di fat wey dey kattle, sheep or goat. [24] Una must nor chop animal
wey just die on en own or wey wiked animal kill, but una fit use di dead
body do anoda tin. [25] Anybody wey chop animal wey dem offa as food
ofrin to God, nor go dey among God pipol again. [26] E nor matter where
Israel pipol dey stay, dem must neva use bird or animal blood take do food.
[27] Anybody wey break dis law nor go dey among God pipol again.' "

*Priest Part For Peace Ofrin*

[28] God kon give Moses dis laws: [29] "Go tell Israel pipol sey, 'Anybody
wey give peace ofrin must bring part of am as special gift to God. [30] E
go bring am with en own hand as food ofrin. E go bring di animal fat
with en breast kon gi-am as special gift to God. [31] Di priest go burn di fat
for di altar, but di breast go bi di priest own. [32] E go give di animal rite
leg as special kontribushon [33] to di priest wey give di blood and di fat as

peace ofrin. 34 Di animal breast na special gift and di rite leg na special
kontribushon wey God don take from Israel pipol kon gi-am to di priests.
Dis na wetin Israel pipol go give di priests forever. 35 Dis na part for di
food wey dem give God, Aaron and en sons for di day wey dem make dem
priest. 36 For dat day, God kommand Israel pipol make dem give dem dis
part from di ofrin. Na law wey Israel pipol must obey forever.' "
37 Dis na di law for di burnt, korn, sin, guilt, ordinashon and di peace
ofrin. 38 For Mount Sinai, God kon give dis kommand to Moses for di day
wey e tell Israel pipol to give dia ofrin.

# 8

### *Aaron And En Sons*

1 God tell Moses, 2 "Make yu take Aaron and en sons go di tent gate, bring
dia garments, di anointin oil, di yong melu for di sin ofrin, di two ram and
di basket of bread wey nor get yist. 3 Den gada di whole kommunity for
der." 4 Moses do as God kommand am and wen dem don gada, 5 e kon tell
dem, "Dis na wetin God kommand sey make wi do."

### *Aaron Dress*

6 Moses bring Aaron and en sons kom out kon wosh dem with wota. 7 E
wear di shirt and robe give Aaron kon tie di sash for en waist. E wear
priest garment wey dem design for Aaron kon tie am with belt. 8 E wear
di Breast Plate gi-am kon put di Urim and Tummim for inside. 9 E put di
priest kap for en head kon put di gold plate wey bi di holy sign for en
front, just as God kommand am.

### *Di Tabanako, Aaron And En Sons*

10 Den Moses use di anointin oil take anoint di Tabanako and evritin wey
dey inside, so dat e go dey holy. 11 E sprinkol some anointin oil for di altar
seven times; plus di vessels, wosh-hand basin and dia stand, so dat all of
dem go dey holy. 12 E pour some anointin oil for Aaron head, so dat e go
dey holy. 13 Moses take Aaron sons go front, e wear dem di shirt, put sash
round dia waist kon wrap dia head, just as God kommand.

### *Ofrin To Make Di Priests Holy*

14 E bring di yong melu for di sin ofrin, den Aaron and en sons kon put
dia hand for di melu head. 15 Moses kill-am, take some of di blood with en
finger kon put am round di horn for di altar and e pour di rest under di
altar, so dat e go dey holy. 16 Moses take all di fat for di intestine, di best
part for di liver, di two kidney with dia fat kon burn all of dem for di altar.
17 E take di remainin melu part, en skin, flesh and intestine kon go burn
am outside di kamp, just as God kommand am.
18 Moses bring di ram for di burnt ofrin, den Aaron and en sons put dia
hand for di ram head. 19 Moses kill-am kon rub di blood for di four side
for di altar. 20 E kut di ram small-small kon burn di head, some part and
di fat on-top di altar. 21 Afta Moses don wosh di intestine and di leg with
wota, e kon burn all di ram on-top di altar as komplete ofrin. Na burnt
ofrin wey dem give to God and God like am well-well. So, Moses do as God
kommand am.
22 Den Moses bring di sekond ram wey dem go use take anoint di priests,
den Aaron and en sons put dia hand for di animal head. 23 Moses kill-am

kon take some of di blood put for Aaron rite ear, en big finger for en rite
hand and for en big toe for en rite leg. 24 Den e take Aaron sons go front
kon put some of di blood for dia rite ear, dia big finger for dia rite hand
and di big toe for dia rite leg, den Moses pour di remainin blood for di
four side for di altar.

25 E take di fat (di fat tail, all di fat wey dey di intestine), di best part for
di liver, di two kidney with dia fat and di animal rite leg. 26 Den e take
one bread wey nor get yist from di basket wey dey God present; bread
wey dem mix with olive oil and one biscuit kon put dem on-top di fat and
di rite leg. 27 E put all dis food for Aaron and en sons hand and dem kon
gi-am as special gift to God. 28 Den Moses take di food from dem kon burn
am on-top di burnt ofrin for di altar and na di ordinashon ofrin e bi. God
like dis food ofrin smell well-well. 29 Den Moses take di breast kon gi-am
as special gift to God. Na Moses own part for di ordinashon ram, bi dat.
Moses do all wetin God kommand am.

### *Anointin For Aaron, En Son And Di Garments*

30 Moses take some anointin oil and some blood wey dey di altar kon
sprinkol dem for Aaron, en sons and for dia garment. Na so e take klean
dem and dia klot, so dat dem go dey holy to serve God. 31 Moses tell Aaron
and en sons sey, "Make una boil di meat for di tent gate kon chop am
for der with di bread wey dey di ordinashon ofrin basket, just as God
kommand. 32 But make una burn di meat and bread wey remain. 33 Una
nor go komot from di tent gate for seven days, until evritin wey dem go
do for una ordinashon, don finish. 34 Na God kommand us sey make wi
do wetin wi do today, so dat E go forgive us awa sin. 35 Una must stay for
di tent gate for seven days and seven nite, so dat una nor go die. Dis na
wetin God kommand." 36 So Aaron and en sons kon do evritin wey God
kommand thru Moses.

# 9

### *Woship For Di Tabanako*

1 For di eight day, Moses koll Aaron and en sons and di leaders for Israel
kon 2 tell Aaron, "Make yu take one yong melu and one ram wey dey okay
kon give dem to God. Di melu go bi for sin ofrin, while di ram na for
burnt ofrin. 3 Den yu go tell Israel pipol sey, 'Make dem take one goat for
sin ofrin, one melu and one lamb wey bi one year wey dey okay kon use
dem as burnt ofrin, 4 den dem go take one melu and ram for peace ofrin.
Dem go sakrifice dem give God with di korn ofrin wey dem mix with olive
oil. Dem must do am, bikos God go appear to dem today.' "

5 So dem take evritin wey Moses kommand go di tent front and di whole
kommunity gada for der kon woship God. 6 Den Moses tell dem, "Dis na
wetin God kommand una to do, so dat di lite wey dey shine for en present,
go appear to una."

7 Den Moses tell Aaron, "Make yu go di altar go offa di sin ofrin and di
burnt ofrin, so dat God go forgive una and di pipol. Make yu do di ofrin
for di pipol, so dat God go forgive una just as E don kommand."

### *Sin Ofrin For Di Priests*

[8] Aaron go di altar kon kill di yong melu for en own sin ofrin. [9] En sons
karry di blood gi-am, den e shuk en finger put kon put am for di horn wey
dey di altar and e pour di remainin ones under di altar. [10] E burn di fat for
di altar, di two kidney and dia fat and di best part for di liver, just as God
kommand Moses. [11] But e burn di meat and di skin for outside di kamp.

### *Burnt Ofrin For Di Priests*

[12] E kill di animal wey dem won use for burnt ofrin. En sons karry di
blood gi-am and e rub am for di four side for di altar. [13] Dem give Aaron
di head and di oda pieces for di animal and e burn dem for di altar. [14] E
wosh di intestine and di leg kon burn dem for di altar on-top di remainin
burnt ofrin.

### *Ofrin For Di Pipol*

[15] Afta, e kon do ofrin for di pipol. E take di goat wey dem give for di
pipol sin kon kill-am and e first do en own sin ofrin. [16] E still bring di
animal for di burnt ofrin kon gi-am akordin to di law. [17] E give di korn
ofrin; pak flower full en hand kon burn am for di altar. (Dem go dey add
dis one join di burnt ofrin evriday.)

[18] E kill di melu and di ram as peace ofrin for di pipol. En sons karry
di blood gi-am and e rub am for di four side for di altar. [19] Aaron put di
melu fat and di ram [20] on-top di animal breast kon karry all go di altar. E
burn di fat for di altar [21] kon give di breast and di rite leg as special gift
to God for di priests, just as Moses kommand.

[22] So, Aaron bless di pipol wen e don finish all di sakrifice. [23] Moses and
Aaron enter di tent and wen dem kom out, dem kon bless di pipol, den di
lite wey dey shine for God present kon appear to di pipol. [24] At wons, God
send fire go burn di burnt ofrin and di fat dem for di altar. Wen di pipol
si am, dem kon shaut and bow face groun.

# 10

### *Nadab And Abihu*

[1] Den Aaron sons, Nadab and Abihu kon take fire pan, put fire and
incense inside kon give God anoda ofrin wey E nor kommand dem. [2] So
fire kom out from God present kon burn dem die.

[3] Moses tell Aaron, "Dis na wetin God tok:

" 'Among di pipol wey dey klose to mi,
    I go show mysef holy to dem
and for where evribody dey,
    na der dem go for honor mi.' "

So Aaron nor tok anytin.

[4] Den Moses koll Mishael and Elzafan wey bi Aaron papa broda Uzziel
pikin kon tell dem, "Make una kom karry una brodas body komot from di
sanctuary go beri outside di kamp." [5] So dem karry dem komot with dia
tunik go outside di kamp, just as Moses tok.

[6] Den Moses tell Aaron and en two oda sons, Eleazar and Itama sey,
"Make una nor barb una hair or tear una klot to show sey una dey mourn.
If una do am, una go die and God go vex for di kommunity. But Israel pipol
fit mourn, bikos God kill Nadab and Abihu. [7] But una nor go komot from

di tent gate or una go die, bikos di anointin oil don make una dey holy for God present." So dem kon do wetin Moses tell dem.

### *God Tok To Aaron*

8 Den God tell Aaron, 9 "Make yu and yor sons nor drink wine or strong
drink wen una enter di tent, so dat una nor go die and dis na law wey yu
and yor shidren-shidren must obey. 10 Yu go separate wetin bi God own
from human being own; wetin holy from wetin nor dey holy. 11 Yu must
tish di pipol all di laws wey I don give yu thru Moses."

### *Moses Tok To Aaron*

12 Moses kon tell Aaron and en two sons Eleazar and Itama sey, "Make
una use di korn ofrin wey remain from di food wey dem offa give God,
take make bread wey nor get yist, den chop am for di altar side, bikos na
holy ofrin. 13 Make una chop am for di Holy Place, bikos dat na yu and yor
sons own. Dis na wetin God kommand. 14 Yu and yor family go fit chop di
breast and di leg wey dem give as special gift and di special kontribushon
wey dem give God. Yu go fit chop am for any place wey dey holy. Na
yu and yor sons get dis ofrin, bikos na part of di peace ofrin wey Israel
pipol give. 15 Dem go bring di leg and di breast wen dem won give as food
ofrin to God. Dis part na yu and yor shidren own forever, just as God don
kommand."

### *Di First Sin Ofrin*

16 Moses ask for di goat wey dem take do sin ofrin, but dem tell am sey
dem don already burn am. E vex for Eleazar and Itama kon ask, 17 "Why
una nor chop di sin ofrin for where dey holy? Na bikos e dey holy well-
well naim make God give una make E for forgive di kommunity dia sins.
18 Since dem nor bring di animal blood kom di holy tent, den una for chop
di sakrifice for der, just as I kommand!"
19 Aaron ansa, "If I chop di sin ofrin today, God go happy with mi? Bikos
even doh di pipol give God dia sin and burnt ofrin today, all dis bad tins
still dey happen to mi." 20 Wen Moses hear dis tin, e nor kon vex again.

# 11

### *Klean And Unklean Animal*

1 God tell Moses and Aaron, 2 "Make una tell Israel pipol sey: 'Among all
di animal wey dey di land, dis na di ones wey una fit chop. 3 Una fit chop
animal wey get two toes and dey re-shop grass wey e don swallow. 4 But
make una nor chop animal wey dey re-shop grass but nor get two toes:
Kamel nor dey klean, bikos e dey re-shop grass, but e nor get two toes.
5 Doz animals wey dey stay for rock nor dey klean, bikos dem dey chop
dia vomit, even doh dem nor get two toes. 6 Hare nor dey klean, bikos e
dey chop en vomit, even doh e nor get two toes. 7 Pig nor dey klean, bikos
e get two toes, but e nor dey chop en vomit. 8 Make una nor chop dis meat
or tosh dia dead body; bikos dem nor dey klean.

### *Klean And Unklean Animal For Wota*

9 " 'Dis na di animal for wota wey una fit chop: Any animal wey get both
fin and skale, weda e dey sea or river. 10 But make una nor chop anytin
for wota wey nor get fin or skale. 11 Since una dey forbid am, make una

nor chop dia meat or tosh dia dead body. 12 Any animal for wota wey nor
get fin and skale, make una nor chop or tosh en dead body.

*Klean Or Unklean Bird*

13 " 'Dis na di bird wey una nor suppose chop. Make una nor ever chop
any kind vulture, 14 kite, buzzard, 15 crow, 16 di eagle owl, owl wey en ear
short or long, any kind hawk, 17 small owl, kormorant, great owl, 18 white
owl, owl for wildaness, Egypt owl, 19 stork, any kind heron, hoopoe and
bat.

*Klean Or Unklean Insect*

20 " 'All di insect wey get feada nor dey klean, dem nor dey good for una.
21 But una fit chop insect wey get four leg and dey jump for land. 22 Una
fit chop lokust, cricket and grasshoppa. 23 But all di oda animal for groun
wey get feada nor dey good for una.

*Dead Animals*

24 " 'Anybody wey tosh unklean animal dead body don spoil ensef and
dat pesin go dey unklean till evening. 25 Anybody wey karry dia dead body,
go-go wosh en klot and e go dey unklean till evening.

*Unklean Animals*

26 " 'All di animal wey get toe wey nor divide into two finish and dem
nor dey re-shop dia food, dey unklean to una. Anybody wey tosh dem
don dey unklean. 27 All di animal wey dey waka with four legs, doz wey
get finger, dey unklean to una. Anybody wey tosh dia dead body go dey
unklean till evening 28 and di pesin wey karry dia body, go-go wosh en
klot, but e go dey unklean till evening. Dis animals nor dey good for una.

*Animals Wey Dey Creep For Groun*

29 " 'Naw, dis na di tins wey dey unklean among di animal wey dey stay
land: rat, any kind big lizard, 30 krokrodie, lizard wey get spot for body,
wall-deko for house and kameleon wey en kolour dey shange. 31 Dis na di
ones wey dey unklean among di animals for land. Anybody wey tosh dia
dead body go dey unklean till evening. 32 Anytin wey dem fall put wen
dem die go dey unklean; weda na wood, klot, leda or sak. Doz tins nor dey
yuzful again. Even wen dem deep am for wota, e go still dey unklean till
evening.

33 " 'And if dia body fall inside pot wey bi klay, evritin wey dey inside
di pot go dey unklean and una must break di pot. 34 If di wota from di
pot tosh any food wey una suppose chop or wota wey una won drink,
den evritin don dey unklean. 35 Anytin wey dia dead body fall put go dey
unklean. Weda na stove or oven, dem go break am to pieces.

36 " 'Wota wey dem fetch from spring dey klean, but if dia dead body
tosh di pot, e go dey unklean. 37 If any one fall for any seed wey dem won
plant, dem go plant am and e go dey klean. 38 But if dem put wota for di
seed and one dead body fall put, e go dey unklean.

*Klean Animal For Land*

39 " 'If any animal wey yu suppose chop die on en own, anybody wey
tosh en dead body go dey unklean till evening. 40 If anybody chop any part
for di animal, e must wosh en klot, but e nor go still dey klean till evening.

Anybody wey karry di dead body must wosh en klot, but e go dey unklean
till evening.
41 " 'Una must nor chop any animal wey dey creep for groun, 42 weda
dem dey creep or waka with four leg or dem get many legs. 43 If una chop
any of dis animals, una nor go dey klean. 44 I bi di Oga una God and una
go make unasef pure kon dey holy, bikos I dey holy. Una must nor dirty
unasef. 45 Na mi bi God wey take una komot from Egypt, so dat I go bi una
God and una go dey holy, bikos I dey holy.
46 " 'Dis na di law for di animal wey dey land; di birds, all di animals for
wota and doz ones wey dey creep for land. 47 And dis law na to separate
between wetin dey klean and wetin nor dey klean, so dat pipol go know
di animals wey dem suppose chop and di ones wey dem nor go chop.' "

# 12

*Woman Wey Just Born*
1 God tell Moses: 2 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Wen woman born and
di pikin na boy, e go dey unklean for seven days, bikos di mama nor dey
klean wen e dey mestrate. 3 For di eight day, dem go sekonsaiz di pikin.
4 Bikos of di blood wey e lost, di woman go stay for thirty-three days, before
e go dey klean. E must nor tosh anytin wey dey holy and e nor go enter di
Tabanako, until di day wey dem go santify am, don komplete. 5 If e born
girl, e go dey unklean for fourteen days as e bi wen e dey mestrate and e
go stay for sixty-six days, before e go dey klean.
6 " 'Wen dem don santify am finish, weda na boy or girl e born, e go-go
di tent wey dem for dey meet go give di priest one lamb wey bi one year
for burnt ofrin and one pijin or dove for sin ofrin. 7 Di priest go give God
di ofrin kon do di sakrifice, so dat e go dey holy. Dis na wetin di woman
go do afta e don born.
8 " 'If di woman nor fit buy di lamb, e fit bring two dove or two pijin, one
for burnt ofrin and di oda one for sin ofrin and di priest go do di sakrifice,
so dat e go dey holy.' "

# 13

*Skin Diziz*
1 God tell Moses and Aaron: 2 "If anybody get sore, boil or spot and e
turn to diziz for en skin, dem must karry am go meet Aaron wey bi di
priest or en sons. 3 Di priest go look di sore and if di hair wey dey en skin
don turn white and di sore deep well-well pass di skin, di priest go sey di
pesin nor dey klean.

*White Skin*
4 "But if di sore dey white and e nor deep pass di skin and di hair neva
shange to white, di priest go separate di pesin from oda pipol for seven
days. 5 Di priest go look am again for di sevent day and if e feel sey di sore
still bi as e bi before, e go separate am for anoda seven days. 6 Di priest
go look am again for di sevent day and if di sore don dey go, e go kon sey
e dey klean; bikos na only sore e get. Di pesin go wosh en klot and e go
dey klean. 7 But if di sore spread afta di priest don look am sey e klean, e
must go meet di priest again. 8 Di priest go look am again and if e si sey e
don spread, e go sey e nor dey klean, bikos na diziz e get.

### *Skin Wey Dey Swell-up*

9 “If anybody get diziz for en skin, dem go take am go meet di priest and
10 e go look am. If white sore dey di skin wey turn di hair to white and e
get plenty pus, 11 na sirious diziz e get for en skin. Di priest go sey e nor
dey klean.
12 “If di diziz for di skin spread kover all en body, 13 di priest go look am
again. If e si sey e don really kover en whole body, e go kon sey di pesin
klean. If all en skin turn to white, den e dey klean. 14 But if new sore bigin
show, den e nor dey klean. 15 Di priest go look am again and if e si new
sore wey open for en skin, e go sey e nor dey klean. Sore wey open mean
skin diziz wey fit kill pesin. So di pesin nor dey klean at-all. 16 But wen
di sore don heal and e don turn white back, di pesin go-go meet di priest,
17 wey go look am again. If di sore don turn white, den di priest go sey e
don klean.

### *Boil For Skin*

18 “If anybody get boil wey don heal, 19 den di boil kon swell-up and
white or red-white spot kon appear for where di boil dey before, e go-go
meet di priest. 20 Di priest go look am and if di spot deep pass di skin wey
near where di boil dey and di hair dem wey dey der kon turn white, e go
sey di pesin nor dey klean. Na skin diziz wey dem dey fear well-well. 21 If
di priest look am kon si sey di hair wey dey der neva turn white and e nor
deep pass di skin, but e get lite kolour, di priest go separate di pesin from
oda pipol for seven days. 22 If di spot spread, di priest go sey di pesin nor
dey klean; e get diziz. 23 But if e nor shange or spread and na only di mark
dey show, di priest go sey e dey klean.

### *Burn-burn Skin*

24 “Wen sometin like fire burn pesin, if di flesh shange to white or red-
white, 25 di priest go look am. If di hair for di spot don turn white and e
deep pass di skin wey dey near am, den dat na skin diziz wey pipol dey
fear well-well and di priest go sey e nor dey klean. 26 But if di hair for
where di spot dey turn white and e nor deep pass di skin wey dey near
am, but e get lite kolour, di priest go separate am from oda pipol for seven
days. 27 Di priest go look am again for di sevent day and if e dey spread,
di priest go sey e nor dey klean. 28 But if di spot nor shange, spread and e
get lite kolour, den nor bi skin diziz. Di priest go sey e dey klean, bikos na
just mark from di fire wey burn am.

### *Mark For Head*

29 “Wen man or woman get sore for head or for di bear-bear side, 30 di
priest go look am. If e deep pass di skin wey dey near am and di hair dem
dey yellow and tin, den dat na skin diziz wey pipol dey fear well-well, so
di priest go sey di pesin nor dey klean. 31 If di priest look am kon si sey di
sore nor deep pass di skin wey dey near am and e nor get black hair, di
priest go separate am from oda pipol for seven days. 32 Di priest go look di
sore again for di sevent day, if e neva spread or yellow and e nor deep pass
di skin wey dey near am, 33 den di pesin go barb en hair kon leave only
di place where di sore dey. Di priest go separate am from oda pipol for
anoda seven days. 34 For di sevent day, di priest go look di sore again and
if e neva spread and e nor deep pass di skin wey dey near am, di priest
go sey di pesin dey klean. So e go wosh en klot kon dey klean. 35 But if di

sore spread afta di priest don sey e dey klean, 36 di priest go look am again.
If di sore don spread, e nor nid to look for hair wey yellow; di pesin nor
dey klean bi dat. 37 But if di priest feel sey di sore neva spread and black
hair dey grow for inside, dat mean sey di sore don heal, den di pesin don
klean.

### *White Skin*

38 "Wen man or woman get white spot for en skin, 39 di priest go look di
pesin. If di white spot wey dem get for body na white wey don fade, den
na rashes from di pesin skin and e dey klean.

### *Pesin Head*

40 "If man nor get hair for back of en head, e dey klean. 41 If man nor
get hair for front of en head, e dey klean. 42 But if rashes wey dey red dey
for di back or di front wey hair nor dey, den dat na diziz. 43 Di priest go
look am, if di diziz na di one wey dey red and white for di back or for di
front where hair nor dey, 44 den di man don get strong diziz bi dat. E nor
dey klean. Di priest must sey di man nor dey klean, bikos of di diziz wey
dey en back head.

### *Pesin Wey Get Skin Diziz*

45 "As for di pesin wey get di diziz, dem must tear e klot; nor komb en
hair and e go kover en face dey shaut sey, 'I nor dey klean! My body dirty
well-well!' 46 As long as e get dis diziz, e go dey unklean and una go keep
am for where pipol nor dey-dey for outside di kamp.

### *Unklean Garment, Klot Or Leda*

47 "Wen klot get diziz, weda na wool or linen klot, 48 or any pieces of
linen or wool, or di leda or anytin wey dem take leda make, 49 if di diziz
wey dey di klot or leda na yellow wey dey green or red, den dem must
show di priest. 50 Di priest go look di tins well-well kon keep am for outside
for seven days. 51 E go shek am again for di sevent day. If di diziz don
spread for di klot, wrapa or leda, den di klot nor dey klean bi dat. 52 Di
priest go burn am with fire, bikos of di diziz wey spread for di klot.
53 "But wen di priest shek and di diziz neva spread for di klot, 54 e go
sey make dem wosh and keep am for anoda seven days. 55 Den e go look
am again, if di diziz neva shange kolour, even if e nor spread e go still dey
unklean; den una must burn di klot, weda di stain dey for back or front.
56 But if di priest look kon si sey di diziz don fade, e go tear dat part komot
for di klot or di leda. 57 Den if di diziz kom back kon spread again, di pesin
wey get di klot go burn am. 58 If e wosh di klot and di spot dem komot, e
go wosh am again and e go dey klean."

### *Konklusion*

59 Dis na di law about diziz wey dey inside klot, weda na wool, linen or
leda and na like dis dem go take know weda e dey klean or not.

# 14

### *To Santify Pesin*

1 God tell Moses: 2 "For di day wen di priest won klean di pesin wey bin
get diziz, dis na di tins wey e go do. 3 Di priest go-go outside di kamp go
look di pesin. If di pesin wey get di diziz don dey okay, 4 di priest go orda

sey make dem bring two klean bird, part for cedar wood, red rope and
some hyssop leaf. 5 Di priest go orda sey make dem kill one bird put for
klay pot wey dem just fetch wota put. 6 Di bird wey dem kill and put en
blood for klean wota, di priest go take di oda bird with di cedar wood part,
di red rope and hyssop leaf kon deep dem inside am. 7 Den e go sprinkol
am seven times for di pesin wey dem dey santify kon sey e dey klean and
e go let di bird wey dey alive fly go outside di town for di open field.

### *Seven Days For Kleanin*

8 "Di pesin go wosh e klot, barber en hair kon baf; den e go dey klean.
E go fit enter di kamp, but e go stay outside en house for seven days. 9 For
di sevent day, e go barber en hair again, en bear-bear, di hair wey dey en
eye and all di hair wey dey en body. E go still wosh en klot kon baf, den e
go dey klean.

### *Di Eight Day*

10 "For di eight day, e go bring two man lamb and one woman own wey
bi one year and dem must dey okay and if dem divide flower bag into ten,
e go bring three part wey dem mix with olive oil. If dem divide one lita for
olive oil into ten, e go bring three part kom. 11 Di priest go take di pesin
and di ofrin go di tent for God present. 12 Di priest go take one man lamb
with di olive oil kon offa am as guilt and sin ofrin to God. 13 Den e go kill
di man lamb for di place where dem for dey kill lamb for sin and burnt
ofrin. E must do dis tin, bikos na di priest get di sin and guilt ofrin and
dem dey holy. 14 Den di priest go take some blood for di lamb kon put am
for di pesin wey dem dey santify rite ear; en big finger for en rite hand
and en big toe for en rite leg. 15 Di priest go take some olive oil pour for
en left hand, 16 deep en rite finger inside, den dem go sprinkol am seven
times for God present. 17 E go take some oil wey dey en hand and some
blood for di lamb kon put dem for di pesin wey dem dey santify rite ear;
di big finger for en rite hand and di big toe for en rite leg. 18 E go put di
remainin oil wey dey en hand for di pesin head. Na like dis di priest go
take make di pesin dey holy for God eye. 19 Di priest go offa di sin ofrin
kon beg God for di pesin wey dem dey santify and afta dat one, e go kill di
animal for di burnt ofrin 20 kon offa di burnt and korn ofrin for di altar.
So di priest go beg God for am and e go dey holy.

### *Poor Pesin*

21 "If di pesin dey poor and e nor get money, e go bring only one special
man lamb as en ofrin to God and na di priest get am. E go bring one
kilogram of flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin and three lita
of olive oil. 22 E go still bring two dove or two pijin, one for di sin ofrin
and one for di burnt ofrin. 23 For di eight days wey e go take klean ensef,
e go give di priest all dis tins for di tent gate. 24 Di priest go take di lamb
and di olive oil as special gift to God. 25 E go kill di lamb kon take some of
di blood put for di pesin rite ear, en big finger for en rite hand and di big
toe for en rite leg.

26 "Di priest go pour some oil for en left hand 27 and with one finger wey
dey en rite hand, e go sprinkol am seven times for God present. 28 E go put
some of di oil for di same place just as e put di blood before for di pesin

rite ear, di big finger for en rite hand and for di big toe for en rite leg. 29 E
go put di remainin oil wey dey en hand for di pesin head and like dis, e
dey make di pesin holy. 30 Den e go offa one dove or pijin 31 as sin ofrin
and di oda go bi for burnt ofrin with di korn ofrin. Like dis, di priest go
beg for di pesin wey e dey santify before God. 32 Dis law na for poor pesin
wey get diziz, wey nor fit pay or do di normal ofrin."

### *House Wey Nor Klean*

33 God tell Moses and Aaron: 34 "Wen una don enter di land wey dey
Kanaan wey I go give una to stay and I kon put diziz for di house wey una
won stay, 35 den who get di house go kom show ensef to di priest sey, 'I si
sometin wey bi like diziz for my house.' 36 Den di priest go orda sey make
dem santify di house before di priest go enter go look am. 37 E go look di
diziz and if di diziz wey dey di wall for di house dey yellow, green or red,
38 e go leave di house kon lock am for seven days. 39 For di sevent day,
e go-go back go look am again. If di diziz don spread, 40 e go orda make
dem remove di stones wey di diziz dey and dem go trow am for outside
di town. 41 Afta dat, e go klean di wall kon trow di dirty outside di town.
42 Dem go use anoda stone take shange di stones wey dem remove, den
dem go plasta di wall.

43 "If di diziz kom out again afta dem don remove di stone kon plasta
am, 44 di priest go-go look am, if di diziz don spread, den di house nor dey
klean bi dat. 45 Dem must distroy di house, en stones and wood kon trow
dem outside di town. 46 Anybody wey enter di house for di time wey dem
lock am go dey unklean till evening. 47 Anybody wey liedan or chop for di
house must go wosh en klot. 48 If di priest kom look and di diziz nor kom
back again afta dem don plasta di wall, e go sey di house dey klean, bikos
di diziz don go. 49 To santify di house, e go take two birds, cedar wood,
red rope and hyssop leaf 50 kon kill one of di bird put inside klay pot wey
dem just fetch wota put. 51 E go take di cedar wood, di red rope, di hyssop
leaf and di bird wey dey alive, deep dem inside di blood kon sprinkol am
for di house seven times. 52 Like dis, e go santify di house from di diziz
with di bird blood; di klean wota; di bird wey dey alive, di cedar wood, di
hyssop leaf and di red rope. 53 E go let di bird wey dey alive fly go outside
di town for di open field. Na like dis di priest go take santify di house and
e go dey klean.

### *Konklusion*

54 "Dis na di law for skin diziz; 55 diziz for klot and house; 56 di ones wey
swell-up for body and di spot wey dem dey si. 57 Dis law na to know wetin
dey klean or not."

## 15

### *Wen Man Discharge*

1 Den God tell Moses and Aaron: 2 "Make una go tell Israel pipol sey,
'Wen man discharge, e go dey unklean, bikos of dat tin. 3 Weda di tin dey
komot from en body or e don stop, di man don dey unklean. 4 Any bed
wey e liedan or sidan put, don dey unklean.

5 " 'Anybody wey tosh di bed wey di man liedan put must go wosh en klot
kon baf with wota and di pesin go dey unklean till evening. 6 Anybody wey

sidan for di chair wey di pesin wey discharge sidan put before, must wosh
en klot, baf with wota and e go dey unklean till evening. 7 Anybody wey
tosh am must go wosh en klot, baf and e go dey unklean till evening. 8 If
di pesin wey discharge, spit for pesin wey dey klean body, dat pesin must
go wosh en klot kon baf, but e go dey unklean till evening. 9 Anytin wey
dem dey ride or chair wey di pesin sidan put go dey unklean. 10 Anybody
wey tosh wetin e sidan put go dey unklean till evening. Anybody wey
karry wetin di pesin sidan put must go wosh en klot, baf, but e go still dey
unklean till evening. 11 Anybody wey tosh di man wey discharge and e
nor wosh en hand, must go wosh en klot and baf with wota, but e go still
dey unklean till evening. 12 If di man tosh klay pot, dem must break am
and if na plate wey dem make with wood naim di man tosh, dem must
wosh am.

13 " 'Wen di man wey discharge don klean, e go wait for seven days,
wosh en klot kon baf with fresh wota and e go dey klean. 14 For di eight
day, e go take two dove or two pijin kom di tent gate for God present kon
give dem to di priest. 15 Di priest go offa one for sin ofrin and di oda one
for burnt ofrin. Na like dis di priest go take make sakrifice for di man for
God eye.

16 " 'Wen di man discharge, e must go baf, but e go dey unklean till
evening. 17 Anytin wey dem do with klot or leda and di discharge tosh am,
dem must wosh am and di tin go dey unklean till evening. 18 Afta di man
don sleep with di woman finish, di man and di woman must go baf and
dem go dey unklean till evening.

### *Wen Woman Mestrate*

19 " 'Wen woman dey mestrate, e go dey unklean for seven days.
Anybody wey tosh am go dey unklean till evening. 20 Anytin wey e sidan
or liedan put wen e dey mestrate, go dey unklean. 21 Anybody wey tosh
di bed wey e sleep put must wosh en hand kon baf, but e go dey unklean
till evening. 22 Anybody wey tosh di chair wey e sidan put must go wosh
e klot, baf with wota and e go dey unklean till evening. 23 If anytin dey
for di bed or di chair wey e sidan put, wen e tosh am e go dey unklean till
evening. 24 If man sleep with am for dat time, e go dey unklean for seven
days and any bed wey di man sleep put, go dey unklean too.

25 " 'Wen di woman dey mestrate before di rite time or if di blood still
dey flow wen e suppose don stop, e go dey unklean as far as di blood still
dey flow. 26 Any bed wey e sleep or anytin wey e sidan put, go dey unklean
for dat time. 27 Anybody wey tosh dem, dey unklean and e must go wosh
en hand kon baf, but e go dey unklean till evening.

### *To Santify Woman Wey Nor Klean*

28 " 'Wen di blood don stop, di woman go wait for seven days, den e go
dey klean. 29 For di eight day, e go take two dove and two pijin go give di
priest for di tent gate for God present. 30 Di priest go offa one for sin ofrin
and di oda one for burnt ofrin, na like dis di priest go take make sakrifice
before God.' "

### *Konklusion*

31 God tell Moses make e warn Israel pipol about dia dirty life, so dat dem
nor go spoil God house wey dey di kamp centre. If dem do am, dem go die.

32 "Dis law na for men wey dey discharge, 33 woman wey dey mestrate or
man wey sleep with woman wey nor klean."

# 16

### *Di Day To Beg*

1 God tell Moses afta Aaron sons don die bikos dem offa strenj fire to
God: 2 "Make yu tell yor broda Aaron sey, na di rite time e go-go di place
wey holy well-well for di curtain back, bikos na for der I appear for kloud
on-top di Kovenant Box. If e nor do am, e go die.

### *Ofrin For Dat Day*

3 "E go fit enter di place wey holy well-well only afta e don bring one
yong melu for sin ofrin and one ram for burnt ofrin. 4 Before Aaron go
enter di place wey holy pass, e must baf and wear di garment wey priests
dey wear; wey bi linen robe and short nika, both di belt and di priest kap.
5 Israel pipol go give Aaron two man goat for sin ofrin and one ram for
burnt ofrin.

6 "E go give one melu as sakrifice make God for forgive en and en family
dia sins. 7 Den e go take di two goat go di door-mot for di tent where dem
for dey do meetin. 8 E go trow dice kon mark one goat sey, 'Dis one go bi
ofrin to God' and di oda goat go karry di pipol sin go Azazel wildaness.
9 Aaron go sakrifice di goat wey dem choose thru di dice wey dem trow
kon gi-am as sin ofrin. 10 Dem go give di life goat wey dem choose for
Azazel to God kon send am komot go Azazel for di wildaness, so dat God
go forgive di pipol dia sin.

### *How To Do Sin Ofrin*

11 "Wen Aaron sakrifice di melu as sin ofrin for ensef and en family, 12 e
go take fire pan with plenty shako from di altar kon pak fine incense full
hand, den e go take am go di place wey holy well-well. 13 For God present,
e go put di incense for fire and di smoke wey dey kom out from di incense
go kover di Kovenant Box make e for nor si am kon die. 14 E go take some
of di melu blood with en finger kon go sprinkol am for di east side for di
forgivenes plate, den e go rub am seven times for di Kovenant Box front.

15 "Afta dat one, e go kill di goat for di sin ofrin for di pipol, take di blood
go di place wey holy pass kon rub am for di plate and di Kovenant box
front, just as e do di melu blood. 16 Na like so e go take do sakrifice for di
Holy Place for Israel pipol sin. E go still do sakrifice for di tent, bikos di
tent dey centre for di kamp even as dem nor dey holy. 17 From di time wey
Aaron enter di place wey holy well-well go do di sakrifice, go rish wen e
go kom out, nobody must dey inside di tent. Wen e don do sakrifice for
ensef, en family and di whole kommunity, 18 den e must go di altar wey
dey before God kon santify am. E must take some of di melu and goat
blood kon put am for front for di altar korna. 19 E must use en finger take
rub some of di blood for di altar seven times. Na so e go take santify di
altar from Israel pipol sin, so dat dem go dey holy.

### *How To Do Di Goat Sakrifice*

20 "Wen Aaron don do di sakrifice to take santify di place wey holy well-
well, where dem for dey do meetin and di altar, e go give God di goat wey

still dey alive wey dem choose for Azazel. 21 E go put en two hand for di
goat head kon konfess all Israel pipol evil, sin and sturbones for di goat
head, den drive am go di wildaness. 22 Di goat go karry all dia sin go anoda
land wey pipol nor dey.

### *Konklusion*

23 "Den Aaron go-go di tent, komot di priest garment wey e wear before
e enter di place wey holy well-well kon leave dem for der. 24 E must baf
for di holy place kon wear en own klot. Afta dat, e go komot go give di
burnt ofrin for en and di pipol sin. 25 Di animal fat for di sin ofrin, e go
burn am for di altar.

26 "Di man wey drive di goat go Azazel for di wildaness, must wosh en
klot and baf, before e go kom back to di kamp.

27 "Di melu and di goat wey dem use for di sin ofrin, so dat Israel pipol
go dey klean from sin, dem go karry dia blood go di place wey holy pass
kon burn dem for outside. Dem go burn dia skin, meat and intestine. 28 Di
pesin wey burn dem go wosh en klot kon baf before e go-go back to di
kamp.

### *Remember Dat Day*

29 "Dis na di law wey una go obey forever. For di tent day for di sevent
mont, Israel pipol and di strenjas wey dey stay with dem must fast and
dem must nor do any work. 30 For dat day, dem go do sakrifice, so dat una
go dey klean for God eye. 31 Dat day go dey very holy, dem go fast and
dem nor go do any work at-all. Dem go keep dis law forever. 32 Di priest
wey dem choose as High Priest to serve wen en papa nor dey, na-im go
do di sakrifice. E go wear di priest garment 33 kon santify di place wey
holy well-well, where dem for dey do meetin, di altar, di priests and all di
pipol for Israel. 34 Dis na di law wey una go obey forever. Dem must do dis
sakrifice wons for evry year to take santify Israel pipol from all dia sins."

So Moses do as God kommand am.

# 17

### *To Kill Animal*

1 God tell Moses: 2 "Go tell Aaron, en sons and Israel pipol sey: 'Dis na
wetin God tok: 3 Anybody wey kill animal like melu, sheep or goat among
Israel house for dia kamp 4 and e nor take am go di tent gate as ofrin to
God, e don kill bi dat and e nor go dey among Israel pipol again. 5 Like dis,
wetin Israel pipol won sakrifice for di open field to God for di tent gate,
dem go gi-am to di priest, den e go sakrifice am as peace ofrin to God.
6 Di priest go pour di blood for God altar for di tent kon burn di fat and
God like dis ofrin smell. 7 So make di pipol nor sin against God kon offa
sakrifice give dia goat juju. Israel pipol must keep dis law forever.

8 " 'Any Israel pesin or strenja wey dey stay for di land wey offa burnt
ofrin or any oda sakrifice 9 as ofrin to God for any place escept di tent gate,
nor go dey among God pipol again.

### *Nor Chop Blood*

10 " 'If any Israel pesin or strenja wey dey stay for di land chop meat
wey still get blood, God go turn against am and e nor go dey among God
pipol again. 11 Bikos na blood bi life for di body, naim make God sey dem

must pour all di blood for di altar to take santify pipol. Blood wey bi life,
dey remove sin. 12 Na dis make God tell Israel pipol and all di strenjas wey
dey stay for dia land sey make dem nor chop meat wey still get blood.
13 " 'If anybody from Israel or strenja wey dey di land kill any animal
or bird wey klean, e must pour di blood for groun kon kover am with
san. 14 Na blood dey give life and na dis make God tell Israel pipol make
dem nor chop meat wey still get blood and anybody wey do am, nor dey
among God pipol again. 15 Anybody wey kom from Israel or strenja wey
chop animal wey die on en own or wey anoda big animal kill, must go
wosh en klot, baf and e go dey unklean till evening. 16 If e nor wosh e klot
or baf, e go sofa di ponishment.' "

# 18

*To Dey Obey God*

1 God tell Moses: 2 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Na mi bi di Oga una
God. 3 Make una nor do wetin una do for Egypt where una dey before or
for Kanaan land wey I go soon give una or do wetin dia law tok. 4 Una
must always keep my law and do wetin I tok. Na mi bi di Oga una God.
5 So una must keep my law and kommandment; anybody wey do like dat,
go get long life. Na mi bi God.

*Law About Sex*

6 " 'Make nobody sleep with en family memba, bikos na mi bi God.
7 Make una nor sleep with una mama, bikos una don disgrace una papa bi
dat. Di woman na yor mama, so yu must nor sleep with am. 8 Make una
nor go sleep with una papa wife, bikos na una papa nakednes.
9 " 'Make una nor go sleep with una sista, weda na una papa or mama
pikin; or weda dem born am for di same house or outside; una must not
sleep with dem.
10 " 'Make una nor sleep with una grand-pikin, weda di girl na yor son
pikin or yor dota pikin, bikos dis go make yu disgrace yorsef. 11 Make una
nor sleep with una step sista, or di girl pikin wey una papa wife born,
bikos di girl na yor sista. 12 Make una nor sleep with una papa sista; bikos
na yor papa flesh, e bi. 13 Make una nor sleep with una mama sista, bikos
na yor mama flesh, e bi. 14 Make una nor sleep with una papa broda wife
kon disgrace di man, bikos di woman na una aunty. 15 Make una nor sleep
with una pikin wife; bikos na una pikin wife e bi. 16 Make una nor sleep
with una broda wife, bikos una go disgrace una broda.
17 " 'Make una nor sleep with both mama and dota. And make una nor
sleep with di woman grand-pikin, weda na en son or dota born am. Dem
bi klose family and dis tin dey wiked well-well.
18 " 'As long as yor wife dey alive, nor marry en sista as sekond wife kon
sleep with am, bikos dem go hate demsef.
19 " 'Make una nor sleep with any woman wey dey mestrate.
20 " 'Make una nor sleep with anoda man wife, bikos e nor good and e
go make una dey unklean.
21 " 'Make una nor give una pikin as ofrin to Molek juju, bikos e go
disgrace Oga God name.
22 " 'Make man nor sleep with man as if na woman; bikos dat kind tin
dey bad for God eye.

[23] " 'No man or woman must sleep with any animal, bikos e go make
dem dey unklean.

*Warnin About Kanaan Pipol*

[24] " 'Make una nor spoil unasef with dis tins, bikos di pipol wey I dey
drive komot for una, don spoil demsef with all dis tins. [25] Di whole land
don dey unklean and I don ponish dem for dia sin, so di land don rijet
di pipol wey dey stay der. [26] Una must obey all my law and kommand
and una nor go do dis evil tins, both Israel pipol and doz wey bi strenjas,
[27] bikos di pipol wey dey di land before, don do all dis evil tins and di land
don dey unklean. [28] Make una nor make di land rijet una, bikos una spoil
am, just as e rijet di pipol wey dey der before. [29] If anybody do dis evil tin,
di pesin wey do dem nor go dey among my pipol again. [30] Una must obey
my kommand and nor do any evil wey dem do before, so dat una nor go
spoil unasef with dem. Na mi bi di Oga una God.' "

# 19

*Laws For Evriday Life*

[1] God tell Moses: [2] "Make yu tell Israel pipol sey, 'Una must dey holy,
bikos mi wey bi Oga una God, dey holy. [3] Each of una must respet en papa
and mama and una must keep my laws. Na mi bi Oga una God. [4] Make
una nor woship juju or make juju with iron. Na mi bi di Oga una God.

*Peace Ofrin Food*

[5] " 'Wen una won give una peace ofrin to God, una must sakrifice am
well, so dat I go asept am. [6] Una must chop am for di day wey una sakrifice
am or di next day, but una go burn di ones wey remain with fire for di
third day, [7] bikos e don dey unklean. If anybody chop am, I nor go asept
di ofrin. [8] Anybody wey chop am go dey guilty, bikos e trit wetin dey holy
wey dem give to God like ordinary tin and e nor go dey among my pipol
again.

*Harvest Law*

[9] " 'Wen una don gada di tins wey una harvest for una land, make una
nor kut di korn wey dey di land front and make una nor go back go kut di
korn wey remain. [10] Make una nor go una farm back go gada grape wey
don dey yuzles or pick di grape wey fall for groun; but make una leave
dem for poor pipol and strenjas. Na mi bi Oga una God.

*Dey Do Well*

[11] " 'Make una nor play wayo, tif or lie. [12] Make una nor lie with my
name kon promise pipol, bikos una go disgrace my name. Na mi bi di Oga
una God. [13] Make una nor opress or play una neighbour wayo. Make una
nor make una worker wait until di next day, before una pay dem. [14] Make
una nor curse anybody wey nor dey hear or set trap for blind pesin. Una
must fear una God; bikos na mi bi God.

*To Judge Well, Love And Kindness*

[15] " 'Make una dey honest and pure wen ever una dey judge any matter.
And make una nor dey trit poor pipol matter anyhow kon dey show good
face to pipol wey get money. [16] Make una nor lie about anybody and if
anybody dey pass thru problem for life; make una help am. Na mi bi God.

17 Make una nor keep malice with anybody, but make una setol una kworel
with dat pesin, so dat una nor go sin, bikos of dat pesin. 18 Make una nor
revensh anybody or kontinue to dey hate di pesin, but make una love una
neighbour as una love unasef. Na mi bi God. 19 Make una obey my laws.
Make una nor allow two difren animal sleep togeda. Make una nor plant
two difren seed for one whole; or wear klot wey dem use difren material
take make.

### *To Sleep With Slave*

20 " 'If man sleep with woman slave wey anoda man suppose marry
and dem neva free or pay money for en head, den dem must pay evritin
komplete. Dem nor go kill-am, bikos di woman na slave. 21 Di man go
bring ram kom di tent gate for God present as guilt ofrin 22 and di priest
go make sakrifice for am for di sin wey e kommit.

### *Three Fruit*

23 " 'Wen una enter di land kon plant tree for food, make una nor chop
di first fruit wey e go bear. Make una nor chop am for di first three years.
24 For di fourt year, all en fruit go dey holy and e go bi praiz ofrin to God.
25 Den for di fift year, una fit chop di fruit wey e bear kon add am join una
harvest. Na mi bi di Oga una God.

### *Blood, Hair And Body*

26 " 'Una must nor chop anytin wey still get blood for inside. Una must
nor do majik or serve juju. 27 Una must nor kut di hair wey kover una head
or barb una bear-bear, 28 or draw picture for body; or kut mark to mourn
pesin wey die. Na mi bi God. 29 Make una nor disgrace una girl pikin kon
make am bi like ashawo; if una do like dat, di land go turn where ashawo
and wiked pipol full.

### *Honor, Klean, Respet And True*

30 " 'Make una keep di Sabat Day and honor di house where una for
dey woship mi. Na mi bi God. 31 Make una nor go take advise from pipol
wey dey serve dead pipol spirit. If una do am, una go dey unklean. Na
mi bi Oga una God. 32 Make una dey respet and honor pipol wey senior
una. Make una fear una God; Na mi bi God. 33 Make una nor ponish
strenjas wey dey stay for una land. 34 Make una trit dem as una go trit
una fellow Israel pesin. And make una love dem as una love unasef. Make
una remember sey, una bi strenja for Egypt before. Na mi bi di Oga una
God. 35 Make una nor play wayo wen una dey measure how sometin long
and wide rish or oda tins wey many. 36 Make una dey measure well for
evritin wey una dey do. Na mi bi di Oga una God wey take una komot
from Egypt. 37 Make una obey all my laws and kommandment. Na mi bi
God.' "

## 20

### *Family Woship*

1 God tell Moses: 2 "Go tell Israel pipol sey, 'Anybody among una wey
give en girl pikin to Molek juju, dem must kill-am; di pipol wey dey di
land must stone am die. 3 Mi mysef go turn my face against dat pesin kon
remove am from my pipol, bikos e don give en pikin to Molek juju and

like dat, e don spoil my temple kon disgrace my name. 4 If di pipol for di
land nor do anytin or kill doz wey dey give dia pikin to Molek, 5 mi mysef
go turn against dat man and en family. I go remove am from my pipol,
both en and all di pipol wey follow am woship dat juju wey dem dey koll
Molek.

### *Doz Wey Dey Woship Dead Body Spirit*

6 " 'Di pesin wey dey go meet dead body spirit for advise, I go turn
against am kon remove am from my pipol.

### *Holiness And To Obey God*

7 " 'Make una keep unasef holy, bikos na mi bi di Oga una God. 8 Make
una obey my laws, bikos na mi bi God wey make una dey holy.

### *Family Life And Law Against Sex*

9 " 'If anybody curse en papa and mama, dem must kill-am and en blood
go dey en own head, bikos e curse en papa and mama. 10 If anybody sleep
with en neighbour wife, dem must kill both di man and di woman. 11 If
anybody sleep with en papa wife, e don disgrace en papa bi dat. So dem
must kill both of dem and dia blood go dey for dia own head. 12 If anybody
sleep with en pikin wife, dem must kill both en and di woman wey e sleep
with. Dem don kommit evil and dia blood go dey for dia own head. 13 If
man sleep with man like sey e dey sleep with woman, both of dem don
kommit bad sin. So dem must kill two of dem and dia blood go dey for
dia own head. 14 If anybody sleep with woman and en dota, dat kind tin
bad well-well. So dem go burn di man, di woman and en dota with fire.
So make una nor allow dis kind tin happen. 15 If any man sleep with
animal, dem must kill di man and di animal. 16 If any woman sleep with
animal, una must kill di woman and di animal and dia blood go dey for
dia own head. 17 If anybody sleep with en own sista, weda na en papa
or mama pikin and dem si each oda nakednes, na big disgrace e bi. Una
must komot dem from where dia pipol dey. E don disgrace en sista, so e
go bear di ponishment for en sin. 18 If any man sleep with woman wey
dey si en mestrateshon kon naked am, e don break di law wey tok about
holiness. 19 Make una nor naked una mama or papa sista, bikos anybody
wey do like dat, go sofa di ponishment. 20 If anybody sleep with en uncle
wife, e don disgrace en uncle, so e go sofa for en sin and e nor go born
before e die. 21 E dey bad for man to sleep with en broda wife, bikos e don
disgrace en broda; so e nor go born before e die.

### *Holiness And To Obey God*

22 " 'Make una make sure sey una obey all my law and kommand, so dat
di land wey I won give una nor go rijet una. 23 Di pipol wey I dey porshu
komot from di land for una, make una nor follow dia laws, bikos I nor like
all di tins wey dem dey do. 24 So I tell una: una go stay di land and mi
mysef go gi-am to una as una own; bikos milk and honey full am. Na mi
bi di Oga una God and I don separate una from di odas. 25 So una must
separate di animal wey dey klean from di ones wey nor klean; di bird wey
klean from di ones wey nor dey klean. Make una nor chop dem, bikos I
don make una holy. 26 Una must dey holy to mi, bikos mi wey bi God dey
holy and I don separate una as my own.

### *Doz Wey Dey Woship Dead Body Spirit*

27 “ ‘Man or woman wey dey woship dead body spirit, dem must kill
dem. Dem must stone dem die and anybody wey do dis tin go sofa di
ponishment for en sin.’ ”

## 21

### *Law For Priest*

1 God tell Moses: “Make yu tell di priest wey bi Aaron sons sey, ‘For
pesin wey don die, make any priest nor go dirty ensef bikos e go di burial.
2 But if di pesin dey klose to am like en: mama, papa, sista, broda, 3 and en
sista wey bi virgin wey nor get husband, e fit go. 4 E must nor dirty ensef
for somebody wey rilate to am only thru marriage. 5 Make di priest nor
barb any part for en head, shave en bear-bear or kut en body. 6 Dem must
dey holy to dia God and nor disgrace my name, bikos na dem dey offa
food ofrin to mi. 7 Bikos di priests dey holy, dem must nor marry ashawo
or woman wey nor bi virgin or woman wey leave en husband. 8 Di pipol
must si di priest as pesin wey dey holy, bikos na-im dey give di food ofrin
to mi. I dey holy and I dey make my pipol holy. 9 If priest dota turn to
ashawo, e dey bring disgrace for en papa; so dem go burn di girl.

### *Law For High Priest*

10 “ ‘Wen dem don pour di anointin oil for High Priest head, e don dey
klean to wear di garment wey priests dey wear and e must nor komb en
hair or tear en garment. 11 E must nor go where dead body dey; e must
nor make ensef unklean even for en papa or mama. 12 E must nor komot
from di temple or enter where dead body dey, even if na en papa or mama
die, bikos e don dey holy thru God anointin oil. Na mi bi Oga God. 13 Na
only virgin di High Priest go fit marry. 14 E nor go marry woman wey en
husband don die or wey leave en husband or woman wey dey do ashawo.
En wife must bi virgin from en family. 15 If not, en shidren wey suppose
dey holy go kon dey unklean. Na mi bi God and I don separate am as my
High Priest.’ ”

### *Law For All Priest*

16 God tell Moses: 17 “Go tell Aaron sey, ‘Make no man from en family
wey get diziz, offa food ofrin to God. 18 Make nobody wey get diziz go offa
food ofrin: dat is, doz wey blind, cripple, wey get sore or wey en body nor
komplete; 19 man wey en hand and leg break; 20 man wey get hunch-back
or man wey bi dwarf; man wey get diziz for eye or for en body and man
wey nor gri marry. 21 Make nobody from Aaron family wey get diziz go
offa food ofrin to God. 22 Di pesin fit chop di food wey dey holy well-well
and di holy food wey bi God own, 23 but e nor go enter di holy curtain or
kom near di altar, bikos e get diziz. So e nor go offa dis tins, bikos na mi bi
God and I don make dem dey holy.’ ” 24 So dis na wetin Moses tell Aaron,
en sons and all di pipol for Israel.

## 22

### *Priest Food*

1 God tell Moses: 2 “Make yu tell Aaron and en sons sey make dem nor
disgrace my name wey dey holy, but make dem trit di holy ofrin wey Israel

pipol offa give mi with respet. Na mi bi God. [3] Make yu tell dem sey, 'If
una pikin wey nor klean go near di holy ofrin wey Israel pipol offa give
mi, den una go remove am from my pipol. Dis na wetin dem go do forever.
Na mi bi God. [4] Nobody from Aaron family wey get diziz or dey discharge
go chop di holy ofrin until e don dey holy. Pesin wey tosh anytin wey nor
klean, bikos di tin tosh pesin wey don die; man wey dey discharge; [5] man
wey tosh animal or pesin wey nor dey klean; [6] go dey unklean till evening.
E nor go fit chop anytin among di holy ofrin, escept e first go baf. [7] Wen di
sun don go down, e go dey klean, den e fit chop di holy ofrin, bikos na-im
food. [8] E nor go chop any animal wey die on en own or wey anoda big
animal kill, bikos e go make am unklean. Na mi bi di Oga una God. [9] All di
priest must keep my law, so dat dem nor go sin kon die bikos dem disobey.
Na mi bi God wey make una holy.
[10] " 'Na only pesin wey kom from di priest family go chop from di holy
ofrin; nobody go fit chop dem! Pipol wey dey stay with am or anybody
wey e hire to work for am nor go follow am chop. [11] But di priest slave
wey e buy or wey dem born for en house go fit chop di food wey dem give
di priest. [12] Di priest girl pikin wey marry who nor bi priest nor go chop
for di holy ofrin, [13] but if di priest girl pikin husband don die or e don
leave en husband and e nor born any pikin kon go back to en papa house,
den e fit chop from e papa food, but no strenja go chop am. [14] If anybody
chop ofrin wey dey holy and e nor know, e go add twenty percent join
wetin e chop kon gi-am to di priest. [15] Dem must nor spoil di holy ofrin
wey Israel pipol offa to God, but [16] if anybody wey nor suppose to chop
am, chop am, e don bring wahala to ensef. Na mi bi God and I don make
di ofrin holy.' "

### *Free Ofrin*

[17] God tell Moses: [18] "Make yu tell Aaron, en sons and Israel pipol sey,
'Wen anybody from Israel pipol house or strenja dey give dia burnt ofrin;
weda na to pay vow or na from dia mind, [19] If I go kollect am, den di
animal wey dem go offa weda na kattle, sheep, or goat must dey okay.
[20] Una must nor offa anytin wey nor dey okay, bikos I nor go asept am.
[21] " 'If anybody won offa peace ofrin give God, weda na vow or na from
en mind, di animal wey dem go use, must dey okay, so dat I go asept am.
[22] Any animal wey blind, wey nor dey waka, get problem, sore or skin wey
dey tear, make una nor offa am give God as ofrin. [23] Una fit offa animal
wey short or wey neva mature as ofrin from una mind, but I nor go asept
am if una use am take pay for una vow. [24] Make una nor give God any
animal wey en private part get sore, kut, get mark or kut komot. Una must
nor do dis tins for una land. [25] Make una nor offa any animal wey una
get from strenja as food ofrin to God, bikos dat kind animal nor dey klean
and I nor go asept dem.' "
[26] God tell Moses: [27] "Wen dem just born lamp, melu or goat, e go dey
under en mama for seven days, but for di eight day go, dem fit use am
as gift ofrin to God and I go asept am. [28] Una nor go kill melu or sheep
and en small pikin togeda for di same day. [29] Wen una dey offa tanksgivin
sakrifice to God, una must follow di rule, so dat I go asept am from una.
[30] Make una chop am for dat same day and no one must remain till di next
morning. [31] Make una try to do all my kommandment. Na mi bi Oga God.

32 Make una nor disgrace my holy name, bikos I go show as I dey holy
among Israel pipol. Na mi bi God wey make una dey holy 33 and na mi
karry una komot from Egypt, so dat I go bi una God. Na mi bi Oga God."

# 23

### *Woship Time*

1 God tell Moses: 2 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Dis na di day wey God
choose for di festival and una go dey do am wen evribody gada to woship.

### *Sabat Day*

3 " 'Una go work for six days, but di sevent day, na di day wey una
suppose rest. For dat day, una nor go work, but una go gada woship God.

### *Passova And Bread Feast*

4 " 'Make una do all dis festival for di time wen God tok. 5 For di first
mont for di fourteent day for evening, una go celebrate di Passova to honor
God. 6 Di Fifteent day for di mont go bi di bread wey nor get yist feast and
una nor go chop bread wey dem make with yist for eleven days. 7 For di
first day, una go gada woship and una nor go do any work. 8 Una must
offa gift to God for seven days and for di sevent day, una go gada again
kon woship God, but una nor go do any work.' "

### *First Fruit*

9 God tell Moses: 10 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Wen dem enter di land
wey I won give dem kon harvest dia korn, make dem take di first ones wey
dem harvest go give di priest. 11 E go offa am as special ofrin to God, so
dat I go asept am. Na di day afta Sabat Day, di priest go offa am. 12 For
di day wey una go offa di korn ofrin, una go sakrifice man lamb wey dey
okay as burnt ofrin to God. 13 With di lamb, una go offa two kilogram of
flower wey dem mix with olive oil for food ofrin. God like dis ofrin smell.
Una go offa am togeda with one lita of wine. 14 Make una nor chop any
new korn, weda raw one or di one wey dem roast or bake to bread, until
una don bring di ofrin kom meet God. Una shidren wey una go born go
obey dis law forever and ever.

### *Week Feast*

15 " 'Una must kount seven weeks from di day afta di Sabat Day, wen
una bring di first korn wey una harvest kom give God. 16 Una must kount
fifty days until di day afta seven Sabat Day don pass, den una go give God
anoda new korn ofrin. 17 Each family go bring two bread and dem go offa
dem give God as special gift. Dem go make each bread with two kilogram
of flower; bake dem with yist kon offa am to God as ofrin from di first
korn wey dem harvest. 18 Una must offa seven lamb wey bi one year, one
small melu and two rams, join di bread. Dem go bi burnt ofrin to God with
dia korn and drink ofrin and God like dis gift. 19 Una go offa man goat for
sin ofrin and lamb wey bi two years for peace ofrin. 20 Di priest go offa
di bread and di two lamb as special gift to God. Dis ofrin dem dey holy.
21 For dat day, una nor go do una evriday work, but una go gada togeda
woship mi. Una shidren go dey obey dis law forever. 22 Wen una gada
di harvest from una land, make una nor harvest evritin for di land finish
and una must nor gada evritin for una harvest. Make una leave some for
poor pipol and strenjas. Na mi bi di Oga una God.' "

*Trumpet Feast*
23 God tell Moses: 24 “Make yu tell Israel pipol sey, ‘For di first day for di
sevent mont, una go rest well-well and una must kom togeda kon woship
mi wen una hear di trumpet sound. 25 Make una nor do any work, but
una must give special ofrin to God.’ ”

*Day To Ask God To Forgive*
26 God tell Moses: 27 “Di tent day for di sevent mont go bi di day to pray
make God forgive una. Una go gada woship and una nor go chop anytin,
but una go give ofrin to God. 28 Una nor go do any work for dat day, bikos
na di day to pray make di Oga una God forgive una. 29 Anybody wey chop
anytin for dat day, nor go dey among God pipol again. 30 And if anybody
do any work for dat day, God go use en own hand kill-am. 31 Dis na di
law wey all una pikin must obey, no matter where dem dey. 32 Dat day na
Sabat Day, so una must rest and una must honbol unasef for di ninet day
for di mont for evening and from dat evening still di next morning, una
must respet di Sabat Day.”

*House Feast*
33 God tell Moses: 34 “Make yu tell Israel pipol sey, ‘For di Fifteent day
for di sevent mont, dem must use seven days take do di house feast for
God. 35 Di first day na to woship am; den una nor go do any work. 36 For
seven days, una must offa gift to God. For di eight day, una go gada woship
kon give ofrin to God. Na di day for woship and una nor go do any work.
37 (Dis na di holy festival wey una go use take honor God as una gada dey
woship and give ofrin to am. Dis ofrin na burnt and korn ofrin; sakrifice
and drink ofrin for each day akordin to wetin God tok. 38 Dis festival join
di normal Sabat Day and dis ofrin dem join di normal gift ofrin. Dis na
ofrin to take do una vow and di ones wey una give God from una mind.)
39 “ ‘Wen una don harvest wetin una plant for una land, make una
celebrate dis festival for seven days and e go start for di Fifteent day for
di sevent mont. Di first day go dey special, so una go rest. 40 For dat day,
una go take some of di good fruit from una tree, palm tree branches wey
get leaf well-well kon celebrate to honor God. 41 Una must celebrate for
seven days. Una shidren-shidren must keep dis law forever. 42 Make una
stay for anoda place for seven days; all of una wey kom from Israel must
stay der, 43 so dat una shidren-shidren go know sey na mi give una house
afta I take una komot from Egypt. Na mi bi di Oga una God.’ ”
44 So Moses tell Israel pipol evritin wey God tok.

# 24

*Lamp Stand And Bread Tabol*
1 God tell Moses: 2 “Make yu kommand Israel pipol make dem bring
pure olive oil wey fine well-well kom put for di lamp wey dey di tent, so
dat lite go dey di temple. 3 For evening, Aaron go lite am till morning for
God present outside di curtain for di Kovenant Box front wey dey for di
holy place. Dis law go dey forever. 4 Aaron go kare for di lamp wey dey di
lampstand and e go always dey arrange am for God present.

*Bread For God*

[5] "Una must take twelf kilogram of flower kon bake twelf bread, [6] una
go put di bread for two row, six-six for one row on-top di tabol wey dem
kover with gold, wey dey God present. [7] Una must put pure incense for
each row to dey remember di bread and e go bi gift ofrin to God. [8] For
each Sabat Day, Aaron go always dey arrange am before God; dis na Israel
pipol work forever. [9] Na Aaron and en sons get di bread and dem go chop
am for di holy aria, bikos na holy food wey dem offa to God."

### *Wen Pesin Curse God*

[10] E get one man, en papa kom from Egypt and en mama name na
Shelomit wey Dibri from Dan tribe for Israel, born. For di kamp, di man
kon dey kworel with one Israel man. [11] As dem dey fight, di Israel woman
pikin kon curse God name, so dem take dem go meet Moses. (En mama
name na Shelomit wey bi Dibri pikin from Dan tribe.) [12] Dem put am for
prison dey wait for God to tell dem wetin dem go do.

[13] Den God tell Moses: [14] "Make yu bring di man wey curse mi kom out
from di kamp, anybody wey hear am dey curse go put dia hand for en
head to bear witness against am sey e dey guilty and evribody for Israel
go stone am till e die. [15] Make yu tell Israel pipol sey anybody wey curse
God, go sofa di ponishment for en sin [16] and pesin wey use God name
anyhow, must die. Israel pipol go stone am weda na strenja e bi or not;
anybody wey use God name anyhow, go must die. [17] If pesin beat pesin die,
dem must kill dat pesin too. [18] If pesin beat animal die, di pesin must give
anoda animal to di pesin wey en animal don die, bikos di law sey, 'Una go
give life-for-life.' [19] If pesin wound en neighbour wey bi Israel pesin; just
as e do am, na so dem go do am back! [20] If e break en neighbour bone,
dem go break en bone too; if e blind pesin eye, dem go blind en own too;
if e remove pesin tit, dem go remove en own too. Anytin wey pesin do en
neighbour, dem go do am back. [21] Pesin wey kill any animal, go replace
am. But pesin wey kill pesin, go die too. [22] Dis law na for all of una, weda
yu bi Israel pesin or strenja. Na mi bi di Oga una God."

[23] Wen Moses don tell Israel pipol evritin finish, dem take di man go
outside di kamp kon stone am die. Like dis, Israel pipol kon do as God
kommand Moses.

## 25

### *Di Sevent Year*

[1] God tell Moses for Mount Sinai: [2] "Make yu go tell Israel pipol sey,
'Wen una enter di land wey I dey give una, una must nor work for di
sevent year, just as God kommand. [3] For six years, una go plant for una
farm kon kut una gardin and gada wetin una harvest, [4] but for di sevent
year, una must let di land rest kon dedikate dat year to God. Una must
nor plant or harvest. [5] Make una nor even harvest any korn wey grow
on dia own wey nobody plant and make una nor gada di grape from di
gardin wey una nor kut; bikos na di year wey di land dey rest. [6] Even doh
una nor plant for una land dat year, di land go produce food for una, una
slave, di men wey una hire to work for una, di strenjas wey dey stay for
una land, [7] una animals; di big animal wey dey una farm and all di tins
wey di land produce, go bi food for una to chop.

### *Year To Free Pipol*

8 " 'Make una kount seven times seven years and e go bi forty-nine years.
9 Den for di tent day for di sevent mont, di day to forgive sins, yu go send
somebody go blow di trumpet for di whole land for Israel. 10 Na like dis
una go take make di nomba fifty year dey holy and una go free evribody
wey dey stay for di land. For dis year, all di propaty wey dem don sell
before, dem go gi-am back to di owner or en relashon. And anybody wey
dem sell as slave, go-go back to en family. 11 Una nor go plant for una
farm or harvest di korn wey dey grow by ensef or gada di grape wey dey
di land wey una nor kut. 12 Di whole year go dey holy to una; una go chop
only di food wey di land produce by ensef.

### *Land Propaty*

13 " 'For dis year, all di land wey dem don sell, dem go gi-am back to dia
owner. 14 Wen una sell land to una fellow Israel pipol or buy from dem,
make una nor do wayo. 15 Una go fix di prize akordin to di nomba for di
year wey di land go produce food, before di year wey una go riton am.
16 If di years many well-well, di prize go inkrease, but if di years small, di
prize go low, bikos dem dey sell di food wey di land produce. 17 Make una
nor play una fellow Israel pesin wayo, but make una obey di Oga una God.

### *Wahala For Di Sevent Year*

18 " 'Una must obey my law and my kommandment, so dat una nor go
fear for di land. 19 Di land go produce food and una go chop until una
beleful and una nor go fear for di land. 20 If una sey, "Wetin wi go chop
for di sevent year if wi nor plant or gada awa harvest?" 21 I go kommand
my blessing for una for di sixt year, so dat di land go produce food wey
una go chop for three years. 22 Even wen una plant for una farm for di
eight year, una go still dey chop wetin una harvest for di sixt year and una
go get plenty food to chop. Even wen una harvest for di ninet year, di ones
wey una harvest for di sixt year, go still remain.

### *Propaty Law*

23 " 'Una nor go sell una land forever, bikos di land na God own and una
bi strenja wey God allow to use di land. 24 Wen dem sell di land, una go
sell back to di owner wen e won buy am back. 25 If any Israel pesin dey
poor and una kon force am sell en land, e relashon wey dey klose to am
go must buy am back. 26 If pesin nor get money to buy di land back den,
but leta e kon get, 27 e go pay di man wey buy di land di money wey go
rish to kover di remainin years, before di year wey dem go riton di land.
28 But if di pesin nor get plenty money to buy di land back, di land go dey
with di man wey buy am till di year wey dem go riton di land. For dat
year, e go riton di land give di owner.

### *House Propaty*

29 " 'If anybody sell house for town wey get wall, e get di rite to buy am
back for di first year wey e sell am. 30 But if e nor buy am back for dat
year, e nor go fit buy am back again and di house go bi di pesin and en
sons own; dem nor go riton am for di year wey dem dey riton propaty.
31 But house wey dey for di village wey nor get wall, dem go trit dem like
field; di first owner for di house get di rite to buy di house back and dem

go riton am for di year wey dem dey riton propaty. 32 Levi pipol get di
rite to buy dia propaty back anytime for di town wey dem share give dem.
33 If Levi pesin sell one among di house for di town and dem nor buy am
back, dem must riton am for di year wey dem dey riton propaty, bikos di
house wey Levi pipol get for dia town, na dia permanent propaty among
Israel pipol. 34 But di land wey dia animal dey stay, dem nor go sell am
at-all; bikos na dia propaty e bi forever.

### *Credit And Slave Law*

35 " 'If una fellow Israel pesin dey poor and e nor fit support ensef, una
must gi-am evritin as una dey give di pipol wey una hire, so dat dem go
kontinue to stay with una. 36 Make una nor add intrest join, but make una
obey God, so dat una fellow Israel pipol go fit stay near una. 37 Make una
nor add intrest for di money wey una borrow dem or gain for di food wey
una sell give dem. 38 Na mi bi di Oga una God wey karry una komot from
Egypt kon give una Kanaan land. Na mi bi una God.

39 " 'If una fellow Israel pipol wey dey stay near una dey poor kon sell
ensef for una to bi slave, una nor go make am do di work wey oda slaves
dey do. 40 E go stay with una as slave wey una hire and e go serve una
until di year wey dem dey riton propaty. 41 For dat time, en and en sons
go leave una kon go back to dia family and to dia propaty wey dia grand-
grand papa get. 42 Israel pipol na God savants and E karry dem komot
from Egypt; so una must nor sell dem as slave. 43 Make una nor trit dem
anyhow, but make una obey di Oga wey bi una God. 44 But for una own
slaves, una fit buy dem from di kountry wey dey near una. 45 Una fit still
buy from di pikin wey di strenjas among una born. Doz pikin wey dem
born for una land go fit bi una propaty. 46 Una fit give dem to una sons
and dem go serve una shidren-shidren forever. But make una nor trit any
Israel pesin anyhow.

47 " 'If di strenja wey dey stay with una kon get money and en fellow
Israel pesin dey poor and e sell ensef give dat strenja to bi slave or anybody
from en family, 48 afta dem don sell am, e still get di rite to buy ensef back.
One pesin among en brodas fit buy am back, 49 or en uncle, kousin or
family memba; or if en ensef get plenty money, e fit buy ensef back. 50 E
go meet di pesin wey buy am and dem go kount di year wey e take sell
ensef until di year wey dem dey riton propaty, den dem must tok di prize
for am to dey free. Dis prize na as dem take dey pay di savant wey dem
hire to work. 51 If many years still remain wey e go stay with dem, e go
riton part of di money wey dem take buy am, so dat e go dey free. 52 But
if di year wey remain dey small before di year wey dem go riton propaty,
e go kakulate di money wey remain and e go pay am, so dat e go dey free.
53 If dem hire am for evry year, en oga nor go trit am anyhow. 54 If dem
nor let am go like dat, en and en sons go dey free for di year wey dem dey
riton propaty, 55 bikos Israel pesin nor fit bi slave forever, bikos dem bi my
savant wey I karry komot from Egypt; Na mi bi di Oga wey bi dia God.' "

## 26

### *To Obey God*

1 God tell dem, “Make una nor make juju for unasef or make image, pila,
stone kon dey woship am. Na mi bi di Oga una God. 2 Una must keep di
Sabat Day and honor di place where dem for dey woship mi. Na mi bi Oga
God.

### *To Obey Dey Good*

3 “If una keep my law and obey my kommand, 4 I go send una rain for
di korrect time, so dat una land go produce food and una trees go bear
fruits. 5 Una harvest go plenty well-well, sotey una go still dey harvest
korn until di time to pick grape and una go still dey pick grape for di time
to plant korn. Una go get all wetin una won chop and una nor go fear for
di land wey una dey stay. 6 I go give una peace for una land and fear nor
go katch una wen una dey sleep. I go kill all di wild animals for di land
and war nor go dey der. 7 Una go ovakom una enemies. 8 Five of una go
fit win hundred pipol and hundred of una go win 10,000 pipol. 9 I go bless
and give una many shidren; I go keep my own part for di kovenant wey
I make with una. 10 Una harvest go remain enter anoda year and una go
even trowey wetin remain for di old harvest, so dat una go get space to
put di new ones. 11 I go stay with una for inside my holy tent and I nor go
ever komot for where una dey. 12 I go dey with una; I go bi una God and
una go bi my pipol. 13 Na mi bi di Oga una God wey take una komot from
Egypt, so dat una nor go bi slave again. I skata di pawa wey hold una for
groun and I make una waka with pride.”

### *To Disobey God*

14 God kon tell dem, “If una nor obey my kommand, I go ponish una.
15 If una nor gri obey my law, kommand or keep di kovenant wey I make
with una, 16 I go ponish una. I go bring distroshon to una; diziz wey dem
nor go fit cure and fever wey go make una blind, naim I go take waste una
life. Una go plant una seed, but e nor go produce good food for una, bikos
una enemies go win una kon chop wetin una plant. 17 I go turn against
una kon make una enemies win and di pipol wey hate una, go rule una.
Fear go katch una sotey una go dey run wen nobody dey porshu una.

18 “If afta all dis tins happen and una nor still obey mi, I go inkrease
una ponishment seven times. 19 I go break una strong pride; una nor go
get rain; una land go dry kon strong like iron. 20 All una hard work nor
go do una good, bikos una land nor go produce food and di trees nor go
bear fruit.

21 “If una kontinue to rijet mi and una nor gri obey mi, I go inkrease
una ponishment seven times again. 22 I go send wild animals among una
and dem go kill una shidren; distroy una animal kon kill una pipol and di
road go dey dry.

23 “If afta all dis ponishment una still nor listin to mi, but kontinue to
rijet mi, 24 I go turn kon ponish una seven times and e go worse pass di
ones wey I ponish una before. 25 I go ponish una with war, bikos una nor
keep di kovenant wey I make with una and if una gada for una towns
make una for dey save, I go send diziz wey dem nor dey fit cure among
una and una enemies go win una. 26 Una nor go get food to chop and ten
wimen go dey bake all dia bread wey dem get for only one oven. Dem go
share am and afta una don chop finish, una go still dey hongry.

27 “If afta all dis tins happen, una still dey rijet or disobey mi, 28 I go
turn against una. Bikos I dey vex, di ponishment wey I go give una go
bad seven times pass di ones wey I give una before. 29 Una go dey hongry
sotey una go dey chop una own shidren. 30 I go distroy di place where una
for dey woship on-top di hills kon skata una incense altars, den kill and
trowey una dead body near una juju wey don fall. I go rijet una finish. 31 I
go distroy una towns kon skata di place where una for dey woship and I
nor go asept una sakrifice. 32 I go distroy una land finish and una enemies
wey dey stay der before, go shok for di kind distroshon. 33 I go make war
happen to una and I go skata una go strenj land. Nobody go dey di land
and I go distroy una towns. 34 Den di years for komplete rest wey una nor
gri give di land, go kon happen; 35 nobody go dey der and e go kon get en
rest wen una enemies don karry una go dia land.

36 “I go make some among una wey una enemies karry go dia land dey
fear well-well, sotey if una hear leaf sound wey breeze blow, una go dey
run. Una go run like sey dem dey porshu una for war and una go fall wen
no enemy dey near una. 37 Una go dey shake as if pesin dey porshu una
and una nor go fit fight with una enemies. 38 Una go die for una enemies
land and di land go swallow una.

### *Konfess And Ripent*

39 “Doz of una wey nor go die for una enemy land go waste trowey, bikos
of una and una grand-grand papa sin. 40 Una shidren-shidren go konfess
both dia sin and dia grand-grand papa own, wey rijet and dey sturbon to
mi, 41 kon make mi turn against and give dem as slave to dia enemies.
But wen una shidren-shidren honbol demsef and dem pay for dia sins and
sturbones, 42 I go remember di kovenant wey I make with Abraham, Isaak
and Jakob kon fulfil my promise, den give my pipol di land. 43 All di pipol
wey dey di land must komot first, make e for get komplete rest and dem
must pay di prize, bikos dem rijet my law and kommand.

44 “But even wen dem still dey dia enemy land, I nor go leave and distroy
dem finish. Bikos dat one go make my kovenant with dem end, na mi bi
di Oga dia God. 45 I go renew di kovenant wey I make with dia papa wen
I show all di kountries my pawa wey I take karry dem komot from Egypt,
so dat mi wey bi di Oga God, go bi dia God.”

### *Konklusion*

46 All dis na di law and kommand wey God give Moses for Mount Sinai
about Israel pipol.

## 27

### *Vow Wey Pesin Make*

1 God tell Moses: 2 “Make yu tell Israel pipol sey, ‘Wen man don give
ensef to God to take fulfil di special vow wey e make, di pesin go dey free
afta e don pay dis money, 3 bikos man wey bi from twenty years go rish
sixty years, na fifty shekel e go pay akordin to di shekel wey dem dey take
for di temple. 4 If di pesin na woman, na thirty shekel e go pay. 5 If di
pesin na from five years go rish twenty years; for man, na twenty shekel
and for woman, na ten shekel e go pay. 6 If di pesin na from one mont go
rish five years; for man, na five shekel and for woman; na three shekel e

go pay. 7 If di pesin na from sixty years go up, if na man, na fifteen shekel
and woman, na ten shekel e go pay. 8 If e nor get money take pay en vow,
e must take di pesin to di priest and di priest go reduce di money, akordin
to wetin di pesin go fit pay.

*Animal Vow*

9 " 'If na animal e vow sey e go give God as ofrin, den anytin wey e give
to God from dis animal go dey holy. 10 And anybody wey make dis vow,
nor go use anoda animal take replace am, weda na good for bad or bad
for good. If e go use anoda animal, den di normal one and di ones wey
e shange am to, go dey holy. 11 If wetin e vow na animal wey nor klean;
wey e nor go fit give as ofrin to God, den e go make di animal stand before
di priest, 12 di priest go kon fix prize for am, weda e good or bad and na
di prize wey di priest tok, go bi di final prize. 13 If di pesin won buy am
back, e must pay di prize kon add twenty percent join.

*House Vow*

14 " 'Wen pesin dedikate en house to God, di priest go fix di prize weda
e good or bad and di prize go bi di final prize. 15 If di pesin wey dedikate
di house won buy am back, e must pay di prize kon add twenty percent
join.

*Land Vow*

16 " 'If anybody dedikate one part of en field to God, di priest go fix di
prize akordin to di nomba of seed wey dem go fit plant and e go bi ten silva
for evry twenty kilogram for barley. 17 If e klean en field for di year wen
dem dey free pipol, den di land go bi di normal prize. 18 If e dedikate am
leta, di priest go kakulate di money akordin to di years wey remain before
di next Sabat year, den e go reduce di prize. 19 If di pesin wey dedikate di
field won buy am back, e must pay di prize kon add twenty percent join.
20 If dem sell di field give anoda pesin, e nor go fit buy am back. 21 For di
year wey dem dey free pipol, di field go kon bi God own forever; so e go
kon bi di priest own. 22 If anybody dedikate field wey dem buy give God,
23 di priest go kakulate di money akordin to di nomba of years wey remain
before di next Sabat year and di pesin must pay di money for dat same
day; na God get di money. 24 Dem go give di field back to di pesin wey
really get am or en shidren-shidren for di year wen dem dey free pipol.
25 Di priest go fix all di prize, just as dem tok for di sanctuary.

*Vow For First-born*

26 " 'Di first pikin for evry animal na God own, so make anybody nor
dedikate am to God as ofrin from en mind. Weda na melu or kattle, na
God get am. 27 But animal wey nor klean, dem go fit buy en first pikin
back for di normal prize kon add twenty percent join. If e nor buy am
back, dem go sell am give anoda pesin for di normal prize.

*Tins Wey Bi God Own*

28 " 'Make anybody nor sell or buy wetin dem don dedikate give God
without kondishon. Weda na human being, animal or land, bikos na God
own forever. 29 Even if na human being, if dem dedikate am without any
kondishon, dem nor go fit buy am back; dem must kill-am.

*Vow For Tithe*

30 “ ‘One out of evry ten tin for wetin grow for di land, weda na grain or
fruit, go bi God own. 31 If anybody one buy am back, e must pay di normal
prize kon add twenty percent join. 32 One out of evry ten animal wey dey
stay house, go bi God own. Wen dem don kount di animals finish, di tent
one go bi God own. 33 Di owner nor go arrange di animals, so dat dem go
fit choose di bad one and make e nor shange any one wey dem choose. If
e shange any animal for anoda one, den di two animal go bi God own and
e nor go fit buy dem back.’ ”

*Konklusion*

34 Dis na di kommand wey God give Moses for Mount Sinai and na for
Israel pipol.

# Nombas
## Introdushon

Nombas tok about how dem take organize di pipol as sojas as dem dey go di land wey God promise dem. E esplain how di pipol take waka from Sinai go rish Kanaan. Nombas still go back to Levitikus and Exodus kon still tok di matters wey dem tok about for Jenesis: E tok about Aaron and Moses family (Nombas 3:1). Wi still hear dis word for di twelf time as di twelf tribes take bi one nashon. Wen Nombas don dey won end, Profet Balaam tell Israel pipol sey, Make blessing follow doz wey bless una and anybody wey curse una, make curse follow am. Dis show God promise to Abraham for Jenesis wen E sey, I go bless doz wey bless yu and anybody wey curse yu, I go curse am. Dis tin show sey all dis book dey tok about how God take kreate di world kon bring human being back to ensef afta dem don sin.

*Dem Kount Di Pipol*

1 God kon tell Moses for di place where dem for dey do meetin for Sinai
Wildaness, for di first day, for di sekond mont for di sekond year, afta
dem don komot from Egypt: 2 "Make yu kount Israel pipol akordin to dia
family and tribes, den yu go rite all di men names. 3 Make yu and Aaron
go nomba all di men for Israel wey bi from twenty years or old pass like
dat wey go fit fight war. 4 Make una take one man from each tribe and e
must bi oga for en family, so dat dem go help una. 5-15 Naw, di men wey
go help una, na dia names bi dis:
from Reuben tribe, Elizur wey Shedeur born;
from Simeon tribe, Shelumiel wey bi Zurishaddai pikin;
from Judah tribe, Nahshon wey bi Amminadab pikin;
from Issakar tribe, Netanel wey Zuar born;
from Zebulun tribe, Eliab wey bi Helon pikin;
from Josef sons: from Efraim tribe, Elishama wey bi Ammihud pikin
and from Manasseh tribe, dem pick Gamaliel wey Pedahzur bi en papa;
from Benjamin tribe, Abidan wey Gideoni born;
from Dan tribe, Ahiezer wey Ammishaddai born;
from Asher tribe, Pagiel wey Okran bi en papa;
from Gad tribe, Eliasaf wey Deuel born and
from Naftali tribe, dem pick Ahira wey bi Enan pikin."

*Dem Arrange Di Tribes*

16 Na dis ones dem choose from di kommunity, as leaders from dia grand-
grand papa tribe. Na dem bi oga for all di pipol wey dey Israel. 17 So Moses
and Aaron take all di men wey dem koll dia name 18 kon gada all di pipol
for di first day for di sekond mont. Den dem register di pipol akordin to
dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey
old pass so. Dem kount all of dem by names, 19 just as God kommand
Moses and na so e take nomba dem for Sinai Wildaness. 20-31 And dem bi:
Israel first pikin Reuben akordin to dia tribe and family; di men wey
don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as

sojas and dem kount dem by dia name. Di nomba for Reuben tribe na 46,500.

From Simeon tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Simeon tribe na 59,300.

From Gad tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Gad tribe na 45,650.

From Judah tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Judah tribe na 74,600.

From Issakar tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Issakar tribe na 54,400.

From Zebulun tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Zebulun tribe na 57,400.

32-43 From Josef sons:

From Efraim tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Efraim tribe na 40,500.

From Manasseh tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Manasseh tribe na 32,200.

From Benjamin tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Benjamin tribe na 35,400.

From Dan tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Dan tribe na 62,700.

From Asher tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Asher tribe na 41,500.

From Naftali tribe: akordin to dia tribe and family; di men wey don rish twenty years and di ones wey old pass so, wey go fit work as sojas and dem kount dem by dia names. Di nomba for Naftali tribe na 53,400.

44 Dis na di men wey Moses and Aaron kount plus di twelf leaders wey
dey Israel, each of dem kom from dia own family. 45 All di men wey don
rish twenty years and di ones wey old pass so for Israel wey go fit work
as sojas and dem kount dem by dia names akordin to dia tribe and family,
46 na 603,550.

### *Levi Pipol*

47 But dem nor kount Levi pipol join di oda tribes, 48 bikos God tell Moses
sey, 49 "Make yu nor kount Levi tribe join di oda tribes for Israel. 50 But
make yu put Levi pipol to look, kare and dey near di Tabanako and evritin
wey dey inside. 51 Anytime wen dem won move di Tabanako, Levi pipol

must take am go down and anytime wen dem won arrange di Tabanako
again, na Levi pipol go karry am up. Anybody wey nor bi Levi wey go
near am, dem must kill-am. 52 So make Israel pipol kamp akordin to di
way dem divide dem and each man go dey en own group akordin to en
family name. 53 But Levi pipol go kamp near di Tabanako to guide am, so
dat nobody go-go near am kon make God strike Israel pipol."

54 Israel pipol do all di tins wey God kommand dem thru Moses.

# 2

*Di Tribes*

1 God kon tell Moses and Aaron: 2 "Evribody for Israel must stay with
en family; dem must stay near di tent where dem for dey do meetin."

*Di Tribe For East*

3 Naw, di pipol wey stay for east, where di sun for dey raiz, na Judah
pipol, just as e suppose bi. Di pesin wey dey lead Judah pipol, na Nahshon,
wey bi Amminadab pikin. 4 Di pipol wey dem kount for dis group na
74,600.

5 Doz wey stay klose to dem na Issakar tribe. Di pesin wey dey lead
Issakar pipol, na Netanel wey Zuar bi en papa. 6 Di pipol wey dem kount
for dis group na 54,400.

7 Di oda one na Zebulun tribe. Di pesin wey dey lead Zebulun pipol na
Eliab wey bi Helon pikin. 8 Di pipol wey dem kount for dis group na 57,400.

9 All di pipol wey dem kount for Judah wey stay akordin to dia group,
na 186,400. Na dem go travel for front.

*Di Tribe For Sout*

10 For di sout, doz pipol wey dey under Reuben tribe, stay akordin to dia
group and di pesin wey dey lead Reuben pipol, na Elizur wey en papa na
Shedeur. 11 Di pipol wey dey under Reuben tribe na 46,500.

12 Di pipol wey go stay near dem, na Simeon tribe. Di pesin wey dey
lead Simeon pipol na Shelumiel wey Zurishaddai born. 13 Di pipol wey
dey under Simeon tribe na 59,300.

14 Di next pipol na Gad tribe. Di pesin wey dey lead dem na Eliasaf wey
bi Deuel pikin. 15 Di pipol wey dey under Gad tribe na 45,650.

16 All di pipol wey dey Reuben kamp akordin to dia group na 151,450.
Na dem bi di sekond group to travel.

*Di Tribe For Centre*

17 Between di first group and di sekond group, na Levi pipol go waka
for dia centre and dem go karry di tent. Dem go travel just as dem kamp,
evry group akordin to en own place under en family name.

*Di Tribe For West*

18 Di group for west na Efraim tribe. Di pesin wey dey lead dem na
Elishama wey Ammihud born. 19 Di pipol wey dey under Efraim tribe na
40,500.

20 Di pipol wey go stay near dem na Manasseh tribe. Di pesin wey dey
lead dis group na Gamaliel wey Pedahzur bi en papa. 21 Di pipol wey dey
under Manasseh tribe na 32,200.

22 Di pipol wey go stay near dem na Benjamin tribe. Di pesin wey dey
lead dis group na Abidan wey Gideoni born. 23 Di pipol wey dey under
Benjamin tribe na 35,400.
24 All di pipol wey dey Efraim tribe akordin to dia group, na 108,100. Na
dem go bi di third group to travel.

### *Di Tribe For Nort*

25 Di group for nort na Dan tribe. Di pesin wey dey lead di group na
Ahiezer wey Ammishaddai born. 26 Di pipol wey dey under Dan tribe na
62,700.
27 Di pipol wey go stay near dem na Asher tribe. Di pesin wey dey lead
di group na Pagiel wey bi Okran pikin. 28 Di pipol wey dey under Asher
tribe na 41,500.
29 Di pipol wey go stay near dem na Naftali tribe. Di pesin wey dey lead
di group na Enan pikin, Ahira. 30 Di pipol wey dey under Naftali tribe na
53,400.
31 All di pipol wey dey Dan kamp, na 157,600. Na dem go travel last, just
as dem arrange am.

### *Konklusion*

32 Israel pipol wey dem kount akordin to dia group na 603,550. 33 But
dem nor kount Levi pipol join, bikos God don kommand Moses sey na so e
go bi. 34 So Israel pipol do all wetin God tell Moses; na so dem kamp under
dia family name kon travel; each pesin with en tribe and family.

# 3

### *Aaron Sons*

1 Dis na both Aaron and Moses family afta God tok with Moses for Mount
Sinai. 2 Dis na Aaron sons name; di first pikin na Nadab, den Abihu, before
Eleazar and den Itama. 3 Aaron wey dem choose as priest to serve God, dis
na di sons wey e born kon make dem priests. 4 Nadab and Abihu die for
God present wen dem give wetin nor dey klean to God for Sinai Wildaness
and dem nor get shidren. So Eleazar and Itama kon dey work as priest for
where Aaron wey bi dia papa dey.

### *Levi Pipol Work*

5 God tell Moses: 6 "Make yu bring Levi pipol and make dem bi savant
to Aaron wey bi di priest. 7 Dem go dey do di work wey dem suppose do
for di tent, for di priest and for all di pipol. 8 Dem go kare for evritin wey
dey inside di tent and for Israel pipol. 9 Di only work wey Levi pipol get to
do, na to serve Aaron and en sons. 10 So yu go choose Aaron and en sons
kon make dem do di work wey priests dey do; anybody wey try to do dia
work for dem, make dem kill-am."
11 Den God tell Moses: 12 "Si, I don use Levi pipol take replace all di
first-born for Israel. So na mi get Levi pipol, 13 bikos all di first-born na
my own. Wen I kill all di first-born for Egypt, I keep all di first pikin for
Israel for mysef, so both man and animal na my own. Na mi bi Oga God."

### *Levi Pipol*

14 Den Oga God tell Moses for Sinai Wildaness sey: 15 "Make yu kount
Levi pipol akordin to dia town and family. Evry boy pikin from one mont
go, naim yu go kount." 16 So Moses kount dem just as God kommand am.

### *All Di Family*

17 Dis na Levi sons akordin to dia names:
Gershon, Kohat and Merari.
18 Dis na Gershon sons name akordin to dia family:
Libni and Shimei.
19 Kohat sons akordin to dia family na:
Amram, Izhar, Hebron and Uzziel.
20 Merari sons akordin to dia family na: Mahli and Mushi.
All dis na Levi pipol akordin to dia family.

### *Gershon Pipol*

21 Na Gershon born Libni and Shimei pipol and na dem bi Gershon
family. 22 Doz wey dem kount, plus di sons wey dem kount from one
mont go, na 7,500. 23 Gershon family go stay for di west side wey dey di
Tabanako back yard. 24 Di pesin wey dey lead Gershon pipol, na Eliasaf
wey bi Lael pikin. 25 Di work wey Gershon pipol go do for di tent na to
kare for di Tabanako, di tent kover; both for inside and outside, di curtain
wey dey di tent gate where dem for dey do meetin, 26 di curtains for di
kourtyard, di curtain for di kourtyard front for di Tabanako and di altar
with di ropes and evry oda tin wey dem dey use for der.

### *Kohat Pipol*

27 Na Kohat born Amram, Izhar, Hebron and Uzziel family. 28 Doz wey
dem don kount, plus di sons wey dem kount from one mont go, na 8,600.
29 Na dem go kare for di Holy Place. Kohat family go stay near di sout-side
for di Tabanako. 30 Di pesin wey dey lead dem na Elizafan wey Uzziel born.
31 Dia work na to kare for di box, tabol, lampstand, di altars and di tools
wey di priest dey use for di Holy Place. Dia work na to kare for evritin
wey dey dia list. 32 Naw, di pesin wey dey lead all di leaders for Levi tribe,
na Eleazar wey Priest Aaron born. So dem choose am to supavise doz wey
dey work for di Holy Place.

### *Merari Pipol*

33 Na Merari born Mahli and Mushi family. 34 Doz wey dem don kount,
plus di sons wey dem kount from one mont go, na 6,200. 35 Di pesin wey
dey lead dem na Zuriel wey Abihail born. Dis pipol go stay near di nort
side for di Tabanako. 36 Di work wey dem give Merari pipol join di frame
for di Tabanako, na to kare for di cross bar, post, socket, tools and all di
work wey dem dey do with dis tins. 37 Di pilas for di kourt wey round am
with dia socket, dia peg and dia ropes.

38 But di pipol wey go stay for di Tabanako front for east wey face di
tent where dem for dey do meetin, na Moses, Aaron and en sons. Na dem
go kare for di tins wey dem nid for di Holy Place and wetin Israel pipol
wont. But if anybody wey nor suppose go der, go der, dem go kill-am.

39 All di pipol wey Moses and Aaron kount wey kom from Levi akordin
to dia family and di word wey God tok, plus di sons wey dem kount from
one mont go, na 22,000 dem bi.

### *First-born*

40 Den God tell Moses, "Make yu kount all di first sons for Israel, from
one mont go kon know dia names. 41 But Levi pipol must keep all dia first-
born wey bi man for mi! Na mi bi Oga God! Na mi get all di first pikin

wey Levi pipol animal go born. So I go take Levi first sons and animals as
my own kon leave di rest tribes."
42 So Moses kount all di first sons for Israel, just as God kommand am.
43 And evry first son wey dem kount from one mont go na 22,273.
44 Den God tell Moses: 45 "Make yu take Levi pipol instead of all di first-
born for Israel, den all di first-born wey Levi pipol animal go born, make
yu give dem to mi, instead of all di first-born wey di whole Israel animal
go born. Levi pipol go bi my own. Na mi bi Oga God. 46 Israel pipol first
sons use 273 take plenty pass Levi pipol own, so yu must buy di remainin
shidren back. 47 For each one, yu go pay five pieces for silva, akordin to
di money wey dem dey kollect for di Holy Place. 48 And una go give dis
money to Aaron and en sons."
49 So Moses kollect silva kon buy di first-born for Israel back wey many
pass Levi own. 50 E kollect 1,365 pieces for silva to take buy di first-born
for Israel (each of di money na as dem dey measure am with di sanctuary
shekel). 51 Den e take di money go give Aaron and en sons, just as God
kommand am.

# 4

### *Kohat Pipol Work*

1 God tell Moses and Aaron: 2 "Kohat pipol wey kom from Levi tribe,
make dem kount dem akordin to dia family and towns. 3 Make dem kount
dem from thirty go rish fifty years and na all doz wey go fit work for di
tent where dem for dey do meetin.
4 "Dis na di work wey Kohat pipol go do for di tent where dem for dey
do meetin and koncerning di holy tins. 5 Wen time don rish for di pipol to
travel, Aaron and en sons must enter di tent kon take di curtain take kover
di Kovenant Box. 6 Den dem go use fine leda take kover am kon spread
blue klot on-top. Den, dem must put di poles wey dem go take karry am
for inside.
7 "Make dem use blue klot kover di tabol wey God bread dey, di plate,
di incense bowl, di ofrin bowl and di jar wey dem dey use for wine ofrin.
Bread must always dey di tabol. 8 Dem must use red klot and fine leda
take kover am, den put di poles wey dem go take karry am for inside.
9 "Di lampstand, di lamps, di fork, tray and all di olive oil kontaina wey
dey der, dem go kover am with blue klot. 10 Make dem wrap am with di
oda tools with fine leda kon put am for sometin wey dem go fit take karry
am.
11 "Dem go spread blue klot for di altar wey dem make with gold kon
kover am with fine leda and di poles wey dem go take karry am, go dey
inside. 12 Dem go take all di tools wey dem dey use for di Holy Place, wrap
dem with blue klot; use fine leda take kover dem kon put dem for sometin
wey dem go fit take karry dem.
13 "Dem go still remove di ashes wey dey di altar kon kover am with
purpol klot. 14 Den all di tools wey dem dey use take work for di altar,
dem go put am on-top: di tray, di hook, shovel and basin. Den dem go
kover am with fine leda kon put di poles wey dem go take karry am for
inside. 15 Wen Aaron and en sons don kover di Holy Place and en tools
finish; wen time don rish for di pipol to travel, Kohat pipol go karry doz

tins; but dem nor go tosh anytin wey dey holy, bikos if dem tosh am, dem
go die. Dis na Kohat pipol work for di tent.
16 "Di work wey dem give Aaron son, Eleazar, na di whole tent and di oil
wey dey di lamps, di incense, di korn ofrin, di anointin oil and evry oda
tin wey dey di tent wey dem don make holy for God."
17 God tell Moses and Aaron, 18 "Make una nor allow God remove Kohat
family from Levi tribe; 19 but dis na wetin una go do for dem, so dat dem
nor go die wen dem go near di holy tins: Aaron and en sons go give each
man en own work. 20 Kohat pipol nor go-go inside go look wen dem dey
kover di holy tins, if not, dem go die."

### *Gershon Pipol Work*

21 God kon tell Moses: 22 "Gershon pipol wey kom from Levi tribe, make
yu kount dem akordin to dia family and towns. 23 Make yu kount dem
from thirty go rish fifty years and na all doz wey go fit work for di tent
where dem for dey do meetin. 24 Gershon pipol work na to karry dis tins
wey bi: 25 di tent, di kover for inside and outside, di fine leda kover on-
top am, di curtain for di door-mot, 26 di curtains and di ropes for di kourt
wey round di tent and di altar; di curtains wey dey di kourt door-mot and
all di tins wey dem use take arrange dem. So na dem go do dis work.
27 Moses and Aaron go make sure sey Gershon pipol do all di work and
karry evritin wey Aaron and en sons suppose use. 28 Dis na di work wey
Gershon pipol go do for di tent; dem go karry am komot, just as Aaron
pikin, Itama, kommand dem."

### *Merari Pipol Work*

29 God tell Moses, "Merari pipol wey kom from Levi tribe, make yu kount
dem akordin to dia family and towns. 30 Make yu kount dem from thirty
go rish fifty years and na all doz wey go fit work for di tent where dem
for dey do meetin. 31 Dia work go bi to karry di frame, bar, post and base
for di tent. 32 Di oda post, base, peg and ropes for di kourt wey round di
tent, with all di tins wey dem take make dem. Each man go karry di tins
wey dem sey make e karry. 33 Dis na di work wey Merari pipol go do for
di tent: dem go karry dem komot, just as Aaron tell dem."

### *Konklusion*

34 So Moses, Aaron and di leaders kon kount Kohat pipol akordin to dia
family and towns, 35 from thirty go rish fifty years wey go fit work for di
tent where dem for dey do meetin. 36 Doz wey dem kount akordin to dia
family na 2,750. 37 Dis na di ones wey Moses and Aaron kount for Kohat
family, evribody go work for di tent where dem for dey do meetin, just as
God kommand.
38 Doz wey dem kount for Gershon family, akordin to dia family and
towns, 39 from thirty go rish fifty years wey go fit work for di tent where
dem for dey do meetin. 40 Doz wey dem kount akordin to dia family and
towns na 2,630. 41 Dis na di ones wey Moses and Aaron kount for Gershon
family wey fit work for di tent where dem for dey do meetin, just as God
kommand.
42 Doz wey dem kount for Merari family, akordin to dia family and towns,
43 from thirty go rish fifty years wey go fit work for di tent where dem for

dey do meetin 44 na 3,200. 45 Dis na di ones wey Moses and Aaron kount
for Merari family, just as God kommand.
46 All di pipol for Levi tribe, wey Moses, Aaron and di leaders kount
akordin to dia family and towns, 47 from thirty go rish fifty years wey go
fit work for di tent where dem for dey do meetin, 48 na 8,580.
49 Moses kount all dis pipol, just as God kommand am and each pesin
get en work.

# 5

### *Klean And Unklean Pipol*

1 So God tell Moses: 2 "Go kommand Israel pipol sey, 'Dis na di pipol
wey una go remove from di kamp: pipol wey get diziz for skin, doz wey
dey discharge and evribody wey nor dey klean, bikos e go tosh dead body.
3 Weda dem bi man or woman, una must porshu dem komot from di kamp,
so dat dem nor go make di kamp unklean, bikos God dey stay der with en
pipol.' " 4 So Israel pipol do wetin God tell dem kon drive dis pipol komot
from di kamp.

### *Payment For Sin*

5 So God tell Moses: 6 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Wen pesin nor dey
fear God and e sin against en neighbour, 7 e must konfess and pay for
evritin kon add twenty percent join for di pesin wey e sin against. 8 But if
di pesin don die and e nor get broda or sista wey di oda pesin go pay give,
e go gi-am to God priests. Dis money na with di ram wey dem go take do
sakrifice to make di pesin wey sin, holy. 9 Israel pipol ofrins for dia holy
tins, go bi di priest own. 10 Evry holy tin from human being go bi di priest
own and anytin wey any man give di priest, go still bi di priest own.' "

### *Jealousy*

11 God tell Moses: 12 "Make yu tell Israel pipol sey, 'If any man tink sey
en wife nor dey faithful to am 13 sey di woman don dey unklean, bikos e
go sleep with anoda man and nobody tok or katch am, 14 den if di husband
kon dey jealous or jealousy spirit enter en body and e kon dey suspet en
wife sey e dey unklean, 15 di man must take en wife to di priest and e must
bring di ofrin wey woman nid to give wey bi: one from evry Efah barley
wey dem divide into ten. E nor go pour olive oil on-top or put any incense,
bikos di ofrin na for pesin wey yu suspet and yu won know di trut.
16 " 'Di priest go take di woman go stand for di altar front. 17 Den e go
pour some holy wota for inside one bowl wey dem make with klay kon
pak some san wey dey groun for di Tabanako put for di wota den e go
bitter. 18 Den e go luz di woman hair kon put di korn ofrin for di woman
hand. Di priest go hold di bowl wey di bitter wota wey dey bring curse
dey. 19 Den di priest go make di woman swear sey: "If I nor really sleep
with who nor bi my husband, di curse wey di wota dey bring, nor go do
mi anytin. 20 But if I sleep with man wey nor bi my husband, 21 make God
curse mi among di pipol. Make E nor give mi pikin again. 22 As dis wota
enter my belle, I nor go fit born again." Di woman go gri sey make God
do am like dat. 23 Den di priest go rite dis curse for di book kon wosh dem
for inside di bowl wey get bitter wota.

24 " 'Before e go make di woman drink di bitter wota wey go bring curse
and pain to am, 25 di priest go take di korn ofrin komot from di woman
hand, wave di korn ofrin before God kon take am go di altar. 26 Den di
priest go take di korn ofrin wey go full en hand as small ofrin kon burn
am for di altar. Afta dis, di woman go drink di bitter wota. 27 If di woman
sleep with anoda man, di wota go gi-am betta pain; e nor go fit born again
and na curse go follow am among di pipol. 28 But if di woman nor do am,
den nor-tin go happen and e go fit born again.
29 " 'Dis na jealousy law, about wife wey still dey en husband house kon
go sleep with anoda man 30 or wen di man suspet sey en wife dey sleep
with anoda man; den di man must make sure sey di woman stand before
God, while di priest go do di sakrifice. 31 Di husband go dey free from sin,
but di woman go sofa for di sin wey e kommit.' "

# 6

### *Special Vow*

1 Den God tell Moses: 2 "Make yu tell Israel pipol sey, 'If anybody make
special vow to bi Nazirite, wey bi to give ensef to God, 3 e must nor drink
wine, strong drink or vinegar wey dem make from wine or strong drink;
e nor go drink any juice wey dem make with grape and make e nor chop
any grape weda na fresh or dry one. 4 As far sey dem bi Nazirite, make
dem nor chop anytin wey kom from grape farm, even if na grape seed or
skin.
5 " 'As long sey dem don vow to bi Nazirite, dem must nor kut dia hair or
shave am. Dem don bilong to God forever, so dem go dey holy and allow
dia hair grow. 6 As long as dem don give diasef to God, dem must nor tosh
dead body. 7 Dem must nor dirty demsef, bikos of dia papa, mama, broda
or sista wey die, bikos na dia hair show sey dem dey holy for God eye. 8 As
far sey dem bi Nazirite, dem must dey holy to God.
9 " 'If anybody just die near am and e kon make ensef unklean since e
don give ensef to God, den e must shave en hair for di day wen dem dey
klean am. E must shave am for di sevent day, so dat e go dey klean. 10 For
di eight day, e go bring two dove or two pijin to di priest for di tent door-
mot. 11 Di priest go offa one as sin ofrin and di oda as burnt ofrin, bikos
e go near dead body, den afta di ofrin, e go dey klean. For dat same time,
en hair go dey holy again 12 and e go give ensef back to God as Nazirite.
Di time wey e make ensef unklean, nor mean anytin again. E go bring one
year man lamb kom as ofrin to pay for en sin.

### *To Fulfil Vow*

13 " 'Na Nazirite law bi dis: Wen pesin wey bi Nazirite don finish en vow,
e go kon do dis sakrifice. E go-go di tent door-mot 14 kon give God three
animals wey dey okay: lamb wey bi one year for burnt ofrin, iyu lamb
wey bi one year for sin ofrin and one ram for fellowship ofrin. 15 Dem
go still give one basket wey bread wey dem nor make with yist full: kake
wey dem make with flower kon mix am with olive oil and biscuit wey dem
take olive oil rub plus di korn ofrin and di wine wey dem nid.
16 " 'Di priest go give all dis tins to God kon offa di sin and di burnt
ofrin. 17 E go sakrifice di ram to God as fellowship ofrin kon offa am with

di bread. Di priest go give en own korn and wine ofrin too. [18] For di tent
door-mot, di Nazirite go shave en hair kon put am for fire for where dem
for dey burn di fellowship ofrin.

[19] " 'Den, wen dem don boil di ram shoulder, di priest go take am kon
put am for di Nazirite hand with one kake and one biscuit from di basket.
[20] Den, di priest go give dem as special gift to God; na holy ofrin for di
priest, with di ram breast and leg, bikos na di priest own akordin to wetin
dem rite for di law. Afta dis, di Nazirite go fit drink wine.' [21] Wen pesin
vow to give ensef and any oda tin as ofrin to God, e go must do evritin
wey e promise."

*Priest Blessing*

[22] God tell Moses: [23] "Make yu tell Aaron and en sons sey, 'Dis na how
una go take bless Israel pipol. Make una tell dem:

[24] " ' "God go bless
and protet una;
[25] God go dey kind
and good to una;
[26] God go look una with favor
kon give una peace." '
[27] So my name go always dey Israel pipol mout and I go bless dem."

# 7

*Leaders Ofrin*

[1] Wen Moses don set di Tabanako finish, e kon anoint and dedikate di
tent, di altar and evritin wey dey inside. [2] Den di leaders for Israel, di
heads for di tribes kon give one ofrin. Na dis pipol bi leaders for di tribes
and na dem dey monitor di kountin. [3] Di ofrin wey dem bring to God na:
six truck and twelf melu. One truck na for two leader and one melu for
each leader, so dem give dem to God for di Tabanako front.

*Di Gift*

[4] Den God tell Moses: [5] "Make yu kollect dis tins from dem kon give dem
to Levi pipol make dem take do dia difren-difren work." [6] So Moses give
di truck and di melu to Levi pipol. [7] E give two truck and four melu to
Gershon pipol, [8] four truck and eight melu to Merari pipol and na Itama,
Aaron pikin dey direct dem for dia work. [9] But Moses nor give Kohat
pipol any truck or any melu, bikos na di holy tins wey dem karry for dia
shoulder, bi dia work.

*Di Time*

[10] Di leaders bring gift to take dedikate di altar wen dem don anoint am
kon drop dem der. [11] Bikos God tell Moses sey, "Dem must give dia ofrin
to take dedikate di altar; one leader for each day."

*Di Tribes Ofrin*

[12] Di one wey give en ofrin for di first day na Nahshon wey Amminadab
born and na from Judah tribe e from kom.

[13] En ofrin na one silva plate wey heavy rish one hundred and three
shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy shekel, but
na akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine flower
wey dem mix with olive oil as korn ofrin; [14] one gold pan wey heavy rish

ten shekel and incense full am; 15 one small melu, one ram and one year
man lamp for burnt ofrin; 16 one man goat for klean ofrin 17 and for di
peace ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and five man lamb
wey bi one year. Dis na di ofrin wey Nahshon, wey Amminadab born,
give.

18 For di sekond day, Netanel wey Zuar born, wey dey lead Issakar tribe
kon give en ofrin.

19 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred
and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy
shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 20 one gold pan wey
heavy rish ten shekel and incense full am; 21 one small melu, one ram
and one year man lamp for burnt ofrin; 22 one man goat for klean ofrin;
23 and for di peace ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and
five man lamb wey bi one year. Dis na di ofrin wey Netanel, wey Zuar
born, give.

24 For di third day, Eliab wey Helon born, wey bi leader for Zebulun tribe
kon give en ofrin.

25 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred
and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy
shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 26 one gold pan wey
heavy rish ten shekel and incense full am; 27 one small melu, one ram
and one year man lamp for burnt ofrin; 28 one man goat for klean ofrin;
29 and for di peace ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and
five man lamb wey bi one year. Dis na di ofrin wey Eliab, wey Helon
born, give.

30 For di fourt day, Elizur wey bi Shedeur pikin, di leader for Reuben tribe
kon give en ofrin.

31 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred
and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy
shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 32 one gold pan wey
heavy rish ten shekel and incense full am; 33 one small melu, one ram
and one year man lamp for burnt ofrin; 34 one man goat for klean ofrin;
35 and for di peace ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and
five man lamb wey bi one year. Dis na di ofrin wey Elizur, wey Shedeur
born, give.

36 For di fift day Shelumiel wey Zurishaddai born, wey dey lead Simeon
tribe kon give en ofrin.

37 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred
and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy
shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 38 one gold pan wey
heavy rish ten shekel; 39 one small melu, one ram and one year man
lamp for burnt ofrin; 40 one man goat for klean ofrin; 41 and for di peace
ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and five man lamb wey
bi one year. Dis na di ofrin wey Shelumiel, wey Zurishaddai born, give.

42 For di sixt day, Eliasaf wey Deuel born, wey dey lead Gad tribe kon give

en ofrin.
43 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred
and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy
shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 44 one gold pan wey
heavy rish ten shekel; 45 one small melu, one ram and one year man
lamp for burnt ofrin; 46 one man goat for klean ofrin; 47 and for di peace
ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and five man lamb wey
bi one year. Dis na di ofrin wey Eliasaf, wey Deuel born, give.

48 For di sevent day, Elishama wey Ammihud born, wey dey lead Efraim
pipol, kon give en ofrin.

49 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred
and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy
shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 50 one gold pan wey
heavy rish ten shekel and incense full am; 51 one small melu, one ram
and one year man lamp for burnt ofrin; 52 one man goat for klean ofrin;
53 and for di peace ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and
five man lamb wey bi one year. Dis na di ofrin wey Elishama, wey
Ammihud born, give. 54 For di eight day, Gamaliel wey Pedahzur born,
wey dey lead Manasseh tribe, kon give en ofrin. 55 Di ofrin wey e give
na: one silva plate wey heavy rish one hundred and three shekel and
one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy shekel, akordin to di
sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine flower wey dem mix
with olive oil as korn ofrin; 56 one gold pan wey heavy rish ten shekel
and incense full am; 57 one small melu, one ram and one year man lamp
for burnt ofrin; 58 one man goat for klean ofrin; 59 and for di peace ofrin:
e give two melu, five ram, five man goat and five man lamb wey bi one
year. Dis na di ofrin wey Gamaliel, wey Pedahzur born, give.

60 For di ninet day, Abidan wey Gideoni born, wey dey lead Benjamin tribe,
kon give en ofrin.

61 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred
and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy
shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 62 one gold pan wey
heavy rish ten shekel and incense full am; 63 one small melu, one ram
and one year man lamp for burnt ofrin; 64 one man goat for klean ofrin;
65 and for di peace ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and
five man lamb wey bi one year. Dis na di ofrin wey Abidan wey Gideoni
born give.

66 For di tent day, Ahiezer wey Ammishaddai born, wey bi leader for Dan
tribe, kon give en ofrin.

67 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred
and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy
shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with
fine flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 68 one gold pan
wey heavy rish ten shekel and incense full am; 69 one small melu, one
ram and one year man lamp for burnt ofrin; 70 one man goat for klean
ofrin; 71 and for di peace ofrin: e give two melu, five ram, five man goat

and five man lamb wey bi one year. Dis na di ofrin wey Ahiezer, wey Ammishaddai born, give.
72 For di elevent day, Pagiel wey Okran born, wey dey lead Asher pipol, kon give en ofrin.
73 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 74 one gold pan wey
heavy rish ten shekel and incense full am; 75 one small melu, one ram
and one year man lamp for burnt ofrin; 76 one man goat for klean ofrin;
77 and for di peace ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and five man lamb wey bi one year. Dis na di ofrin wey Pagiel, wey Okran born, give.
78 For di twelft day, Ahira wey Enan born, wey bi leader for Naftali pipol, kon give en ofrin.
79 Di ofrin wey e give na: one silva plate wey heavy rish one hundred and three shekel and one shine-shine silva bowl wey heavy rish seventy shekel, akordin to di sanctuary shekel. Each of dem go plenty with fine
flower wey dem mix with olive oil as korn ofrin; 80 one gold pan wey
heavy rish ten shekel; 81 one small melu, one ram and one year man
lamp for burnt ofrin; 82 one man goat for klean ofrin; 83 and for di peace
ofrin: e give two melu, five ram, five man goat and five man lamb wey bi one year. Dis na di ofrin wey Ahira, wey Enan born, give.

*Konklusion*

84 Dis na di whole ofrin wey di leaders for Israel give for di altar, wen dem don anoint am: twelf silva plate, twelf shine-shine silva bowl and
twelf gold pan. 85 Each silva plate heavy rish one hundred and three shekel and each shine-shine silva bowl heavy rish seventy shekel. All di silva
vessel dem heavy rish 2,400 shekel, akordin to di sanctuary shekel. 86 Di
twelf gold pans wey incense full heavy rish ten shekel and na akordin to di sanctuary shekel; all di pan wey bi gold heavy rish one hundred and
twenty shekel. 87 All di animal wey dem use for di burnt ofrin na twelf small melu, twelf ram, twelf man lamb wey bi one year, with dia korn ofrin
and twelf man goat for klean ofrin. 88 All di animals wey dem sakrifice for peace ofrin na twenty-four small melu, sixty ram, sixty man goat and sixty lamb wey bi one year. Dis na di whole ofrin wey dem give to take dedikate di altar afta dem don anoint am.
89 Naw, wen Moses don enter di tent, God kon tok to am for di Kovenant Box top; between di two image wey bi like angel wey dem dey koll cherubim.

# 8

*Lite Di Lamp*

1 God kon tell Moses: 2 "Go tell Aaron sey make e put di seven lamp for
where di lite go for dey shine for di lampstand front." 3 So Aaron do as
dem tell am. E put di lamp for di lampstand front, just as God kommand
Moses. 4 Dis na how dem take make di lampstand: from di top go rish bottom, dem make am with gold, just as God show Moses.

*Separate Levi Pipol*

5 God tell Moses: 6 "Make yu take Levi pipol komot for where Israel pipol
dey kon wosh dem, so dat dem go dey holy. 7 Dis na how yu go take make
dem holy: Sprinkol di holy wota for dia body, den tell dem sey make dem
shave di hair for dia whole body kon wosh dia klot, so dat dem go dey holy.
8 Dem go take one small melu with korn ofrin wey bi fine flower wey dem
mix with olive oil; den yu go take anoda small melu for di holy ofrin. 9 Yu
go take Levi pipol kom di tent where dem for dey do meetin kon gada all
di kommunity for Israel. 10 Yu go take Levi pipol kom where God dey and
Israel pipol go put dia hand for Levi pipol head; 11 den Aaron go offa Levi
pipol to God as special ofrin from Israel, so dat dem go do God work.
12 "Levi pipol go put dia hand on-top di two melu head; dem go give one
as ofrin to klean demsef and di oda one as burnt ofrin, so dat dem go dey
holy. 13 Yu go offa Levi pipol to God and Aaron and en sons go kare for
dem. 14 So yu go separate Levi pipol from di oda pipol for Israel and Levi
pipol go kon bi my own.
15 "Afta dis, Levi pipol go-go do my work for di tent wey dem for dey
do meetin. So yu must klean and give dem to God as special ofrin. 16 I
don use dem take replace all di first-born for Israel and dem bi my own
forever. 17 Wen I kill all di first-born wey dey Egypt, I make all di first sons
and animal for Israel holy, so dat dem go bi my own. 18 So I don use Levi
pipol replace all di first-born sons for Israel. 19 From among Israel pipol, I
don give Levi pipol as gift to Aaron and en sons, so dat dem go do di work
wey Israel pipol suppose do for di tent where dem for dey do meetin and
dem go guide Israel pipol from di wahala wey go happen if dem go near
di sanctuary."
20 So Moses, Aaron and Israel pipol kon offa Levi pipol, just as God
kommand. 21 Levi pipol go klean and wosh dia klot, den Aaron give dem
as special gift to God. E still do di sakrifice to make dem holy. 22 Di pipol
do all di tins wey God kommand Moses about Levi pipol. So Levi pipol
kon dey do di work for di tent where dem for dey do meetin and na Aaron
and en sons, bi dia oga.

### *Levi Pipol Work*

23 God tell Moses, 24 "From doz wey bi twenty-five years go among Levi
pipol, na dem go do God work for di tent where dem for dey do meetin
25 and dem go ritaya wen dem don rish fifty years. 26 Dem fit help dia
brodas for di work; dey give dem wetin dem wont, but make dem nor do
any work. Dis na wetin yu go tell Levi pipol to do koncerning dia work
for di sanctuary."

# 9

### *Passova Law*

1 God tell Moses for Sinai Wildaness sey, "For di first mont for di sekond
year afta dem don komot from Egypt: 2 Israel pipol must do di Passova for
di rite time. 3 For di fourteent day for dis mont, wen evening don rish, una
go do di Passova; una must keep am akordin to di rule and kommand."
4 So Moses tell Israel pipol sey make dem dey do di Passova. 5 And dem
kon do di Passova for di fourteent day for evening and na di first mont for
Sinai Wildaness, just as God kommand Moses.

[6] Some pipol wey nor dey klean, bikos dem go tosh dead body, nor fit
keep di Passova for dat day. So dem go meet Moses and Aaron [7] kon sey,
"Even doh wi nor dey klean, bikos wi tosh dead body, wi nor go fit join
Israel pipol give God ofrin?"

[8] Moses ansa dem, "Make una wait until God go tell mi wetin I go do."

[9] God tell Moses: [10] "Make yu tell Israel pipol sey, 'If any of una or una
shidren nor dey klean, bikos e go tosh dead body or e waka go far place,
but e still wont keep di Passova, [11] e go fit do am, but e go bi di fourteent
day for di sekond mont for evening; di bread wey dem nor make with
yist, dem go chop am with bitter leaf. [12] Dem must nor leave any food till
morning, or break any part for en bone; dem must do am akordin to di
Passova law. [13] If pesin dey klean and e nor travel, but e nor gri keep di
Passova, make una remove am from among my pipol, bikos e nor give mi
di ofrin for di rite time. E must sofa for di sin wey e kommit.

[14] " 'If strenja wey dey with una won keep di Passova, dem must do am
akordin to all di rules and law. Na di same law di strenja and una own
pipol go obey.' "

*God Word*

[15] For di day wen dem build di Tabanako finish, di kloud kon kover di
Tabanako and di Kovenant Box and from evening go rish morning, di kloud
bi like fire for evriwhere for di Tabanako. [16] Dis na how e always bi: Di
kloud go kover am for day time and fire go kover am for nite. [17] Wen ever
di kloud komot from di Tabanako, Israel pipol go kontinue dia journey and
anywhere wey di kloud for kom down, Israel pipol go kamp for der. [18] Just
as God kommand, Israel pipol go travel or stay one place and as long as
di kloud still dey di Tabanako, dem nor go-go anywhere. [19] Wen di kloud
don stay for di Tabanako tey, Israel pipol go do evritin wey God kommand
dem and dem nor go travel. [20] Wen di kloud dey for di Tabanako for some
days, dem go dey dia kamp, just as God kommand dem. [21] Sometaims, di
kloud dey only kom down from evening till morning and wen di kloud
don go for morning, dem go kon kontinue dia journey. Weda na day time
or nite, wen ever di kloud nor dey, dem go travel. [22] Weda na for two
days, one mont, one year or if e tey pass so, as long as di kloud still kover
di Tabanako, dem nor go komot go anywhere; but wen di kloud nor dey,
dem go kontinue dia journey. [23] Just as God kommand, dem go stay for one
place or travel, bikos dem dey obey di words wey God kommand Moses.

# 10

*Trumpet Sound*

[1] God tell Moses: [2] "Make yu make two trumpet with silva from one
hammer. Yu go use am take dey gada di kommunity and to tell dem wen
dem won travel. [3] Wen dem blow di two trumpet, all di kommunity must
gada round yu for di tent where dem for dey do meetin door-mot. [4] But
if dem blow one, den di leaders and doz wey dey lead tazon go kom meet
yu. [5] Wen yu blow alarm, di pipol wey dey di east side must start to travel.
[6] Wen yu blow for di sekond time, di pipol wey dey di sout-side must start
to travel. [7] Yu must blow di trumpet wen yu gada di kommunity, but make
yu nor sound alarm.

8 “Na only di priests wey bi Aaron shidren-shidren must blow di trumpet.
Dis law na forever and una must obey am from one generashon go rish
anoda. 9 If una go fight against enemy wey dey attack una, den una must
blow di alarm and di trumpet. Mi wey bi God go kon help and save una
from una enemies. 10 And for di time wen una dey happy like di time for
una festival or as di mont just dey start; una go blow di trumpet for una
burnt ofrin and di sakrifice wey una dey do for peace ofrin, so dat God go
dey remember una: Na mi bi di Oga una God.”

### *From Sinai To Kadesh*

11 For di nomba twenty day, for di sekond mont, for di sekond year, afta
di pipol don komot from Egypt, di kloud kon komot from di Tabanako for
di Kovenant Box. 12 So Israel pipol start to travel from Sinai Wildaness. Di
kloud kon kom down for Paran Wildaness.

### *Judah Tribe Start Di Travel*

13 Dis na di first time wen dem start to travel akordin to di kommand
wey God give Moses. 14 Just as dem take dey travel before, na so dem still
dey do am. Judah tribe travel first akordin to dia family and na Nahshon
wey Amminadab born dey lead dem. 15 Netanel wey Zuar born, na-im dey
lead Issakar tribe. 16 Na Eliab wey bi Helon pikin dey lead Zebulun pipol.
17 Den dem karry di Tabanako go down and Gershon and Merari shidren
kon karry di Tabanako as dem kontinue dia journey.

### *Dem Arrange Di Tribe*

18 Di next tribe wey follow na Reuben pipol and dem kon dey waka
with dia flag. Na Elizur wey Shedeur born dey lead dem. 19 Shelumiel
wey Zurishaddai born, na-im dey lead Simeon pipol. 20 Den Eliasaf wey
bi Deuel pikin kon dey lead Gad pipol. 21 Kohat pipol waka go karry di
tins for di sanctuary and before dem go rish der, dem must don karry di
Tabanako up.

22 Di next tribe na Efraim pipol wey dey waka with dia flag, akordin to
dia family and na Elishama wey Ammihud born dey lead dem. 23 Gamaliel
wey Pedahzur bi en papa, na-im dey lead Manasseh tribe 24 and Abidan
wey Gideoni born dey lead Benjamin tribe.

25 Doz wey dey Dan tribe dey waka with dia flag, na dem bi di rear
guide wey dey work for all di kamp akordin to dia family; Na Ahiezer wey
Ammishaddai born dey lead dem. 26 Pagiel wey Okran born, na-im dey
lead Asher pipol 27 and Ahira wey en papa bi Enan dey lead Naftali tribe.
28 Dis na di way Israel pipol take travel; family by family.

### *Moses Wife Broda*

29 Moses tell en wife broda Hobab wey en papa na Reuel wey kom from
Midian sey, “Wi won start to travel go di place wey God don sey E go give
us. E don promise to make Israel prosper, so make yu follow us and wi go
trit yu well.”

30 But Hobab ansa, “I nor go follow una, instead I go-go my own land go
meet my pipol.”

31 Moses kon sey, “Make yu nor leave us, bikos na Yu know where wi go
stay for inside di wildaness and na yu go bi awa eye. 32 If yu follow us, wi
go share all di blessings wey God go give us, with yu.”

33 Wen di pipol don komot from Sinai, wey bi di holy mountin, dem kon
travel for three days. God Kovenant Box dey with dem for dat three days
wey dem travel so and dem kon dey find where dem go fit rest put small.
34 As dem dey travel, God kloud dey kover dem.
35 And wen dem karry di box dey travel, Moses go sey,
"My God! Arise
make yor enemies dem skata
and make all doz wey hate Yu,
run as dem si Yu dey kom."
36 And wen di box stop, Moses go sey,
"My God! Make Yu kom back
kom meet Israel, yor pipol wey plenty."

# 11

*Israel Pipol Komplain*

1 Di pipol kon dey komplain to God about dia problem. Wen God hear
dem, E vex, so E send fire kom from heaven kon burn and distroy some
part for di kamp. 2 Di pipol kry go meet Moses make e help dem; so Moses
pray to God and di fire kon stop. 3 So dem kon koll dat place "Taberah"
bikos na for der God fire take burn di pipol.

*Komplain About Food*

4 Some yeye pipol wey travel with Israel pipol, get long-trot for meat and
dem kon make Israel pipol dey komplain sey: "How wi wish sey wi fit just
get some meat chop! 5 Wen wi dey for Egypt, wi dey chop any fish wey wi
wont for free. Remember di cucumber, wotamelon, leeks, onions and di
garlic dem wey wi dey chop. 6 But naw, wi don dry finish. Nor-tin dey to
chop, unless dis manna wey wi dey chop evriday!"
7 (Manna bi like small-small seed wey en kolour na lite yellow. 8 Di pipol
go-go gada am for groun kon grind or pound am for mortar; den dem go
take am bake kake. Di kake dey taste like fresh olive oil. 9 And wen di dew
dey fall for nite, di manna dey kom with am.)

*Moses And God*

10 Moses hear kry for evry family among di pipol; evribody dey for dia
tent door-mot; so Moses nor dey happy, bikos God dey vex with dem. 11 So
Moses tell God, "Why Yu dey trit mi like dis? Why Yu sey make I kare for
dis pipol? 12 Nor bi mi kreate or born dem o-o! Why Yu go tell mi sey
make I kare and karry dem for my hand like sey dem bi small pikin? Na
so I go take karry dem go rish di land wey Yu promise dia grand-grand
papa? 13 Na where I go for get meat for all dis pipol, bikos dem dey kry
give mi sey, 'Make yu give us meat make wi chop?' 14 I nor go fit karry all
dis pipol by mysef! Di load two heavy for only mi! 15 E betta sey make Yu
kill mi, dan sey make Yu dey trit mi like dis. If really sey Yu dey good to
mi, den make Yu allow dis trobol pass mi."

*God Ansa*

16 God ansa Moses, "Make yu gada seventy men among di eldas for
Israel wey yu know sey bi leaders among di pipol, den bring dem kom
di Tabanako with yu. 17 I go kom down kon tok with yu, I go take some

of di Spirit wey dey inside yu kon put am inside dem and dem go help yu karry some of di wahala so dat yu nor go karry am on yor own.
18 "Make yu tell di pipol make dem klean demsef, bikos dem go get meat to chop tumoro. God don hear una komplain and kry for meat and as una dey sey, 'Wi dey okay for Egypt before!' Naw, God go give una meat chop.
19 Una go chop am, nor bi only for one day or two; or five, ten or twenty
days, 20 but na for one full mont. Una go chop am until meat go kom out from una nose kon make una dey sick, bikos una rijet God wey dey among una kon dey komplain sey, 'Wi nor for komot from Egypt o-o.' "
21 But Moses ansa God, "I get 600,000, sojas with mi and Yu still dey sey,
'I go give dem meat for one full mont!' 22 Even if wi kill all awa animals,
dem go rish us chop? Even if wi katch all di fish wey dey di sea, e go rish di pipol?"
23 Den God ansa, "So yu tink sey God hand short well-well? Naw, yu go si weda my word go happen or not!"
24 So Moses komot go tell di pipol wetin God tok. E kon pick seventy men
wey bi leaders for Israel wey go follow am stand for di Tabanako. 25 God
kom down for di kloud kon tok to dem. E take some of di Spirit wey dey inside Moses kon put dem inside di seventy men. Wen di Spirit enter dem, dem kon dey profesai, but dem nor do like dat again.

### *Eldad And Medad*

26 Two out of di seventy men, Eldad and Medad kon stay for di kamp and dem nor go where di Tabanako dey. But di Spirit enter dem for where
dem dey and dem kon start to profesai too. 27 One yong man run go tell
Moses wetin Eldad and Medad dey do.
28 Den Joshua wey Nun born, wey dey help Moses since e dey yong kon tell Moses sey, "My oga, make yu stop dem!"
29 Moses ansa, "Yu dey jealous? I for wish sey God give en Spirit to all
en pipol, so dat all of dem go dey profesai!" 30 Den Moses and di seventy
leaders kon go back to di kamp.

### *Kwail Bird*

31 Den God send breeze wey karry one kind bird wey dem dey koll kwail from di sea kom and dem fall kon high rish three fit for di groun. Dem dey evriwhere for di kamp, even for far-far place and for evry direcshon.
32 So for dat day, for nite and di next day, di pipol kon dey gada di bird.
Nobody gada less dan 1,000 kilogram. Dem spread dem round di kamp,
so dat dem go dry. 33 As dem still dey chop di meat, God kon dey vex with
di pipol, so E send sickness go meet dem. 34 So dem kon name dat place
Kibrot Hattaavah (Long-trot Grave), bikos na der dem for beri di pipol wey dey ask of meat.
35 From der, di pipol travel go Hazerot kon kamp and stay der.

# 12

### *Miriam And Aaron Oppoz Moses*

1 Den Miriam and Aaron kon tok against Moses, bikos e go marry one
woman from Ethiopia. 2 Dem kon sey, "Na only thru Moses God dey tok
to us? E neva still tok thru us too?" But God hear dem. 3 (Naw, na Moses
honbol pass anybody wey dey di eart.)

### *God Ansa*

4 At wons, God tell Moses, Aaron and Miriam sey: "Make una three kom
meet mi for di Tabanako." So dem kon go. 5 God kom down inside kloud,
stand for di tent gate; den E koll Aaron and Miriam and di two of dem
waka go front. 6 God tell dem, "Make una listin to mi:
"If anybody bi profet among una,
mi God go show mysef to am thru vishon
kon tok with am for dream.
7 My savant Moses nor bi like dat;
e dey faithful for my house.
8 So I go tok with am face-to-face
and nor bi with word wey e nor go undastand
and e go si as God bi.
So wetin make una nor dey fear
to tok against my savant Moses?"
9 God kon dey vex with dem so E komot der. 10 Wen di kloud komot di
tent, leprosy kon full Miriam body like snow. Den Aaron look Miriam, kon
si sey leprosy full en body!

### *Moses Beg For Dem*

11 So Aaron tell Moses, "My oga, abeg, nor let us sofa dis ponishment
bikos of awa foolish sin. 12 Nor let us mi bi like pikin wey don die, wey
e flesh don rotin before dem born am." 13 Den Moses kry to God kon sey,
"My God, abeg make Yu listin to am." 14 God tell Moses, "If to sey na en
papa just spit for en face, dem nor go disgrace am for seven days? So make
e komot form di kamp for seven days and afta, e fit kom back." 15 So dem
porshu Miriam komot di kamp for seven days and di pipol nor travel until
dem bring am kom back. 16 Den di pipol komot from Hazerot kon go kamp
for Paran Wildaness.

## 13

### *Pipol Wey Go Spy*

1 God tell Moses: 2 "Make yu send men go shek Kanaan land wey I won
give Israel pipol. Yu go send one man from each of di twelf tribe. Make
each one bi leader for en tribe." 3 So Moses send dem komot from Paran
Wildaness, just as God kommand. All di men wey e send, na leaders for
Israel. 4 Na dia names bi dis:
From Reuben tribe, e send Shammua wey Zakkur born;
5 from Simeon tribe, e send Shafat wey Hori born;
6 from Judah tribe, e send Kaleb wey Jefunneh born;
7 from Issakar tribe, e send Igal wey Josef born;
8 from Efraim tribe, e send Hoshea (Joshua) wey Nun born;
9 from Benjamin tribe, e send Palti wey Rafu born;
10 from Zebulun tribe, e send Gaddiel wey Sodi born;
11 from Josef tribe (wey bi Manasseh tribe), e send Gaddi wey Susi born;
12 from Dan tribe, e send Ammiel wey Gemalli born;
13 from Asher tribe, e send Setur wey Mikael born;
14 from Naftali tribe, e send Nahbi wey Vopshi born;
15 from Gad tribe, e send Geuel wey Maki born.

16 Dis na di men wey Moses send go shek di land. Hoshea wey Nun born,
Moses kon shange en name to Joshua.

### *How Dem Take Spy*

17 Wen Moses send dem go shek Kanaan land, e tell dem, “Make una go
thru Negev and all di hill kountries 18 and si wetin di land bi like. Weda di
pipol wey dey stay der strong or weak, small or plenty, 19 or weda di land
dey good or bad; weda di towns wey dem dey stay bi like kamp or betta
town; 20 weda di land dey rish or poor; get forest or not. Make una dey
strong kon bring some fruit wey dey di land kom.” Naw, dis na di time for
di year wen di first grape dey ripe.

### *Di Spy Work*

21 So dem kon go shek di land from Zin and Rehob Wildaness, where
dem dey pass enter Lebo-Hamat. 22 Wen dem pass thru Negev, dem kon
rish Hebron for Ahiman, Sheshai and Talmai, where Anak shidren-shidren
dey stay. (Naw, dem don build Hebron seven years before dem build Zoan
for Egypt.) 23 Wen dem rish Eshkol Valley, dem kon kut one branches
wey grape full and two men karry am with stik. Dem still take some
pomegranate fruit and fig follow body. 24 Dem koll di place Eshkol Valley,
bikos of di many grape wey Israel pipol kut from der. 25 Den, dem kon
kom back afta forty days, wen dem don shek di land.

### *Di Spy Ripot*

26 Dem kom back kom meet Moses, Aaron and Israel pipol for Paran
Wildaness wey dey Kadesh kon tell dem evritin wey dem si and show
dem di fruit wey dem bring from di land. 27 Dem tell Moses, “Wi go di
land wey yu send us. True-true, milk and honey full der and dis na di
fruit wey dey der. 28 But na strong and big pipol dey stay der and di town
get betta wall and dem dey guide am well-well. Wi still si Anak shidren-
shidren for der. 29 Na Amalek pipol dey stay for di sout part for di land;
na Hit, Jebus and Amor pipol dey di kountries for hill; Kanaan pipol dey
near Mediterranean Sea and along Jordan River.”

30 Den Kaleb tell di pipol sey make dem shut up kon sey, “Wi go attack
naw kon take di land; wi dey strong and wi go fit konker di land.”

31 But di men wey go with Kaleb kon sey, “No, wi nor strong rish to fight
dem; di pipol wey dey der get pawa pass us.” 32 So dem make Israel pipol
bilive sey dem nor go fit konker di land wey dem go spy kon dey sey, “Di
land nor go fit produce food for all di pipol wey dey stay der. All di pipol
wey wi si der, big well-well 33 and wi even si some giant for der (wey bi
Anak shidren-shidren) and wi bi like ant for dia front.”

## 14

### *Israel Pipol Dey Fear*

1 Den di pipol kon kry and dem kry well-well till di next day. 2 Israel
pipol kon bigin komplain against Moses and Aaron sey, “E for betta sey
wi die for Egypt or for di wildaness! 3 Wetin make God bring us kom dis
land, so dat dem go kill us for war? Dem go katch awa wifes and shidren
go as slaves! E for betta sey wi go Egypt back o-o?” 4 So dem kon dey tell
demsef sey, “Make wi choose new leader wey go take us go Egypt back!”

5 Den Moses and Aaron fall face groun for di pipol front. 6 Joshua wey
Nun born and Kaleb wey Jefunneh born wey dey among di men wey go
shek di land kon tear dia klot, bikos dem dey vex 7 den dem sey, "Di land
wey wi go shek dey good well-well. 8 If God dey happy with us, E go take
us go der kon give us dat land wey full with milk and honey. 9 Make una
nor dey sturbon to God and make una nor fear di pipol wey dey di land,
bikos dem bi like bread to us. God dey with us and E don defeat di gods
wey dey protet dem; so make una nor fear." 10 But di pipol kon dey plan
to stone Joshua and Kaleb. Den God lite kon appear to Israel pipol for di
Tabanako.

### *God One Ponish Dem*

11 Den God tell Moses, "How long my pipol go rijet mi? Dem nor go ever
bilive mi, even afta all di signs wey I don do for dia present? 12 I go strike
dem with diziz kon distroy dem, den I go make anoda nashon thru yu and
e go dey great and mighty pass dem!"

13 But Moses ansa, "Na Yu bring dis pipol komot from Egypt with yor
pawa. Egypt pipol know wetin Yu don do for yor pipol wen Yu save dem.
14 Naw, if Yu distroy dem, wetin yu wont make Egypt pipol tell di pipol
for dis land, wey don already bilive sey Yu dey among yor pipol? My God,
dem know sey Yu don appear to yor pipol face-to-face. Yor kloud dey kover
dem for day time and for nite, yor fire dey with dem. 15 If Yu kill all yor
pipol, di nashons wey don hear about Yu go kon sey, 16 'Na bikos Yu nor
fit take yor pipol go di land wey Yu promise dem, naim make Yu kill dem
for di wildaness.'

17 "So my God, I dey pray, make Yu show yor pawa kon give us wetin Yu
promise wen Yu sey, 18 'Mi wey bi God, I nor dey kwik vex and I dey show
my love and goodness well-well. I dey forgive pipol sins and sturbones, but
I go still ponish dia shidren-shidren go rish dia third and fourt generashon,
bikos of di sin wey dia papa and mama kommit.' 19 Abeg, make Yu forgive
dis pipol akordin to yor love wey nor dey shange; wey strong well-well,
just as Yu take forgive dem for Egypt kon rish naw."

20 Den God ansa, "I don forgive dem as yu tok. 21 But I promise sey, as
long as I dey, 22 non of dis pipol go dey alive to enter di land. Dem don
si my glory and mirakle wey I do for Egypt and for di wildaness, but dem
don too try my patient, bikos dem nor gri obey mi. 23 Doz wey rijet mi nor
go ever enter di land wey I promise dia grand-grand papa. 24 But bikos
my savant Kaleb nor bihave like di oda men and bikos e obey mi, I go take
am go di land wey e go spy and en shidren-shidren go stay der. 25 (Naw
Amalek and Kanaan pipol dey stay for di valley.) Tumoro, make una turn
back kon travel go di wildaness for di road wey dey near di Red Sea."

### *God Ponish Di Pipol*

26 God tell Moses and Aaron: 27 "How long I go take bear di evil wey di
pipol dey tok about mi? I don hear Israel pipol komplain about mi. 28 Make
una tell dem sey, 'As long as I dey, I go do anytin wey yu sey make I do. Na
mi wey bi God tok am. 29 Una dead body go skata for dis wildaness, bikos
una don komplain against mi. Nobody among una wey bi from twenty
years go up, go enter di land. 30 I promise sey I go give Israel pipol di land,
but una nor go enter der, apart from Kaleb and Joshua. 31 Una sey dem
go katch una shidren, but I go take dem go di land wey una rijet and e go

bi dia own. 32 Una go die for dis wildaness. 33 Una go waka anyhow for
di wildaness for forty years kon sofa until di last pesin among una go die,
bikos una nor good at-all. 34 Akordin to di days wey una take shek di land,
na so too una go sofa for una sin for forty years; one day go bi for one
year, den una go know how e bi to make mi vex!' 35 Mi God don sey, 'I go
do wetin I tell dis wiked pipol wey gada togeda against mi. All of dem go
die for dis wildaness. Mi wey bi God, don tok.' "

36 Di men wey Moses send go shek di land, wey kom back kon make
Israel pipol dey komplain against God, bikos of di bad tin wey dem tok
about di land; 37 doz men wey bring di evil ripot about di land, God kon
kill dem with diziz. 38 And out of di twelf pipol wey Moses send go shek
di land, na only Joshua and Kaleb, remain.

### *First Attack*

39 Wen Moses tell Israel pipol wetin God tok, dem kon dey komplain
more-more. 40 Early di next morning, dem start to travel go di hill
kountries kon sey, "Naw wi don ready to go di place wey God don dey
tell us. Wi know sey wi don sin." 41 But Moses ansa dem, "Den why una
kon dey disobey God? Una nor go fit win! 42 Make una nor go, bikos
God nor dey with una and una enemies go win una, 43 bikos Amalek and
Kanaan pipol dey wait una and dem go kill una well-well. Bikos una don
turn from God, E nor go-go with una."

44 But dem still go di kountry on-top di hill, even doh God Kovenant Box
and Moses nor dey with dem. 45 Amalek and Kanaan pipol for der kon
attack and porshu dem go rish Hormah.

# 15

### *Law For Sakrifice*

1 God tell Moses, 2 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Wen una enter di land
wey I go give una, 3 make una give mi one melu, one ram, one sheep or
goat as burnt ofrin. Nor bi sakrifice to pay una vow or free will or first
ofrin; put na ofrin wey God like en smell, 4 den di one wey dey give en
ofrin to God must go bring each animal with one kilogram of flower wey
dem mix with one lita of olive oil for korn ofrin, 5 togeda with one lita of
wine for drink ofrin.

6 " 'If na ram e one give, two kwota for flower wey dem mix with one
and half lita of olive oil and na dem e go give as korn ofrin, 7 with one and
half lita of wine, as drink ofrin. God like dis sakrifice smell well-well.

8 " 'If na melu dem give God as burnt ofrin or as sakrifice to take pay dia
vow or fellowship ofrin, 9 dem go bring korn ofrin of six kwota for flower
wey dem mix with two lita of olive oil, den 10 two lita of wine, as drink
ofrin. God like dis sakrifice smell well-well. 11 Na so too una go prepare
each sakrifice wey bi melu, ram, sheep or goat. 12 If dem give more dan
one ofrin, di ofrin wey go follow am go inkrease.

13 " 'All di pipol wey dem born for Israel go do like dis anytime wey dem
won give ofrin, bikos God like di ofrin smell well-well. 14 And if strenja dey
stay among una, weda na for sometaim or forever and dem won offa ofrin
wey get sweet smell to God, dem must follow di rules and regulashon. 15 Na
di same law una and strenjas wey dey with una go obey forever, bikos all

of una na di same for God eye; 16 di same law and rules naim all of una
go obey forever.' "

### *First Fruit Law*

17 God tell Moses: 18 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Wen una enter di
land wey I dey take una go 19 and una chop some of di food wey dey di
land, una must keep some as special ofrin to God. 20 Una go give kake from
una first flower wey una grind as special ofrin, just as una do for di first
korn wey una grind. 21 Una and una shidren-shidren must give God some
for di first flower wey una grind as special ofrin forever.

### *Wen Pesin Make Mistake*

22 " 'If una nor know kon kommit sin and break di kommand wey God
give una thru Moses, 23 all wetin God kommand una thru Moses, from
di day wey God kommand Moses go rish una shidren-shidren, 24 den if
una do anytin wey nor kom from una mind and di kommunity nor know
about am, di kommunity must give one yong melu as burnt ofrin to take
klean demsef. 25 Den di priest go do di sakrifice for di kommunity and I
go forgive dem, bikos dem nor sin from dia mind and dem don bring dia
ofrin; ofrin wey dem make with God fire and ofrin to klean demsef for
God present, bikos of di sin wey dem nor kommit from dia mind. 26 I go
forgive all di kommunity and di strenjas wey dey stay with dem, bikos na
all of dem kommit di sin wey nor kom from dia mind.

27 " 'If anybody kommit di sin wey nor kom from en mind, den e must
give one goat wey bi one year to take klean ensef. 28 Di priest must do di
sakrifice for di pesin wey kommit di sin, den I go forgi-am. 29 Una must
get one law for di pesin wey nor kommit sin from en mind, both for Israel
pipol and di strenjas wey dey stay with una.

### *Sabat Sin*

30 " 'But anybody wey kommit sin with en mind, weda dem born am
for Israel or na strenja, dat pesin don curse God and dem must kill-am,
31 bikos e nor gri do wetin God tok or obey en kommand. Na en use en
hand kill ensef.' "

32 Wen Israel pipol still dey for wildaness, dem si one man dey pak wood
for Sabat Day. 33 Di pipol wey si am kon take am go meet Moses, Aaron and
di kommunity. 34 Dem put di man for prison make sojas guide am, bikos
dem nor know wetin dem go do am. 35 Den God tell Moses, "Di man must
die; make di whole kommunity take am go outside di kamp kon stone am
till e die." 36 So di whole kommunity take am go outside di kamp kon stone
am till e die, just as God kommand Moses.

### *Tread Rule*

37 God tell Moses: 38 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Make dem tie tread
for dia klot forever kon use blue tread dekorate di korna. 39 Una must get
dis tread, so dat wen una look am, una go remember all God kommand
kon do dem and una nor go allow una heart or eye turn una from mi.
40 Like dat, una go remember and obey my kommand kon dey holy to una
God. 41 Na mi bi di Oga una God; wey take una komot from Egypt, so dat
I go bi una God. Na mi bi God.' "

# 16

*Korah Sin*

1 Naw some pipol from Reuben tribe kon sin, dis pipol na: Korah wey
Izhar born, wey Kohat born, wey Levi born with Datan and Abiram wey
Eliab bi dia papa and On wey Pelet born. 2 Dem with some Israel pipol
(two hundred and fifty popula prince from di kommunity) kon dey tok
against Moses. 3 Dem gada against Moses and Aaron kon sey, “Una own
don too mush sef! Di kommunity dey holy; na God get am and E dey with
all of us too. Why e kon bi sey yu Moses go dey karry body for God pipol?”
4 Wen Moses hear wetin dem tok, e bow for groun kon start to pray.
5 Den e tell Korah and doz wey dey follow am sey, “Tumoro morning, God
go show us who bi en own and who dey holy. Na only di pesin wey bi God
own go fit enter en Holy Place. 6 Tumoro morning yu and doz wey dey
follow yu: make una bring una burn ofrin kontaina. 7 Una go lite fire, put
incense inside, den karry am go di altar. Den wi go si di pesin own wey
God go take. Levi pipol, na una own worse pass!”
8 Moses tell Korah pipol again, “Levi pipol, make una listin to mi! 9 Una
tink sey e nor mean anytin to God wey choose una among Israel pipol to
dey near am, so dat una go fit serve am for en Tabanako kon stand and
dey prish to di pipol? 10 E don already give dis tins to both una and una
fellow Levi pipol. And naw, una sey una won bi priest too! 11 So, na God
una dey gada against! Who Aaron bi wey una dey komplain about?”
12 So Moses koll Datan and Abiram wey Eliab born, but dem ansa am,
“Wi nor go kom. 13 Di one wey yu take us komot from Egypt wey get milk
and honey neva rish yu? Yu still won kill us for di wildaness as yu dey trit
us like yor savant? 14 Yu neva take us go any land where milk and honey
full or sey yu give us where get vineyard as awa propaty. Yu tink sey yu
go fit deceive us? Wi nor go kom.”
15 Moses vex well-well kon tell God, “Make Yu nor asept dia ofrin. I nor
tif dia animal or do any bad tin against dem.”
16 Den Moses tell Korah, “Tumoro make yu and doz wey dey follow yu
kom stand for God present and Aaron go kom too. 17 Make each of una
take en own kontaina with incense kom meet God: Both Aaron and una
two hundred and fifty kontaina with incense. Each pesin among una with
en own kontaina wey incense full.” 18 So all of dem take dia kontaina
with incense kon lite fire put, den dem stand for di tent where dem for
dey do meetin door-mot, with Moses and Aaron. 19 Wen Korah gada di
kommunity against Moses and Aaron for di tent door-mot, God glory kon
appear to di whole kommunity.

*Judgement*

20 God tell Moses and Aaron: 21 “Make una komot from among dis
kommunity, so dat I go distroy dem kwik-kwik.”
22 Den dem fall face groun kon sey, “My God, di God of all pipol spirit,
Yu go vex for di whole kommunity wen e bi sey na only one pesin sin?”
23 So God tell Moses: 24 “Make yu tell di whole kommunity sey: ‘Make
dem komot from Korah, Datan and Abiram tent.’ ”
25 So Moses get up go meet Datan and Abiram and di eldas for Israel,
follow am. 26 E kon tell di kommunity sey, “Make una komot from doz
wiked pipol tent and nor tosh anytin wey bi dia own, if not, God go distroy

una bikos of dia sin.” 27 So dem komot from Korah, Datan and Abiram
tent. Den Datan and Abiram kom out kon stand for di tent door-mot with
dia wifes and shidren.
28 Moses kon sey, “Na so una go take know sey na God send mi kom do
dis work, bikos I nor dey do am by mysef. 29 If dis men die normal deat
without sey God ponish dem, den nor bi God send mi. 30 But if God do
sometin wey neva happen before and di eart open swallow dem with all
wetin dem get and dem die alive, den una go know sey dis men don rijet
God.”
31 Wen e tok finish, di groun under Datan and Abiram open 32 kon
swallow dem, with dia tent, all Korah men and with all dia propaty. 33 Dem
and all wetin dem get enter groun alive, den di eart klose against dem. So
dem die komot di kommunity. 34 Israel pipol wey dey der kon run komot
wen dem hear di pipol dey kry. Dem kon dey shaut sey, “Make wi run o-o!
Di eart fit swallow us too!”
35 Den God send fire kon distroy di two hundred and fifty men wey lite
incense.

### *Di Fire Pan*

36 God tell Moses: 37 “Make yu tell Eleazar wey Aaron di priest born sey,
make e pick di kontaina wey dem dey put incense komot from di fire, bikos
dem dey holy, den make dem pak di shako go far. 38 Di pipol wey die bikos
of dia sin, make una use dia kontaina take make wetin dem go take kover
di altar, bikos dem offa am to God, so dem dey klean. Dem go bi sign for
Israel pipol.”
39 So Eleazar take di bronze kontaina kon use dem do kover for di altar.
40 Dis na warnin to Israel pipol sey, “Anybody wey nor kom from Aaron
family, nor go fit burn incense to God for di altar. If not, e go die like Korah
and en men.” All dis happen akordin to wetin God kommand Eleazar thru
Moses.
41 But for di next day, di whole kommunity kon dey komplain against
Moses and Aaron sey, “Una don kill God pipol.”
42 Afta dem gada against Moses and Aaron, dem turn face di tent where
dem for dey do meetin kon si di kloud kover am and God glory kon appear.
43 Den Moses and Aaron stand for di tent where dem for dey do meetin.
44 God tell Moses, 45 “Make yu komot from dis kommunity, so dat I go
distroy dem naw-naw!” Moses and Aaron kon bow face groun.
46 Den Moses tell Aaron, “Make yu take di kontaina with incense kon put
fire inside am from di altar. Den kwik go di kommunity side go do sakrifice
to make dem holy, bikos God go send one bad diziz kon meet dem, since E
dey vex for dem.” 47 So Aaron do wetin Moses kommand and e run enter
di pipol centre. Naw di diziz just dey start among di pipol. Aaron put di
incense for der kon make dem holy. 48 E stand between doz wey don die
and doz wey dey alive kon stop di diziz. 49 Naw, di pipol wey die with di
diziz na 14,700 plus di pipol wey die bikos of Korah matter. 50 Afta di diziz
stop, Aaron kon go meet Moses for di tent door-mot.

## 17

### *Aaron Stik*

1 God tell Moses: 2 “Make yu tok to Israel pipol kon kollect stik from each
tribe; one from evry leader wey dey each tribe, yu go kollect twelf stik kon

rite each man name put for en stik. 3 Den yu must rite Aaron name put
for Levi pipol stik; bikos each stik na for di leader for each tribe. 4 Yu go
put dem for di tent where dem for dey do meetin near di Kovenant Box
where I for meet yu. 5 And di man stik wey I go choose go prosper; so I go
stop Israel pipol to dey komplain against yu."
6 So Moses tok to Israel pipol and each leader gi-am one stik, one for
each leader akordin to dia tribe. So all di stik na twelf; Aaron stik dey
among. 7 Moses put di stik before God for di tent where dem for dey meet.
8 Di next day, Moses enter di tent and Aaron stik for Levi house kon
dey grow well-well with leaf, den e form one kind fruit wey dem dey koll
almond! 9 So Moses bring all di stik kom out from God present kon show
Israel pipol and each pesin kon take en stik.

*Remember*

10 Den God tell Moses, "Make yu bring Aaron stik kom back before di
Testimony Box kon keep am as sign for sturbon pipol, so dat dia komplain
go stop and dem nor go die." 11 So Moses do wetin God kommand am.
12 Israel pipol kon tell Moses, "Na die wi dey so! 13 If anybody wey go
near God Tabanako, go die, dat mean sey all of us don die finish?"

# 18

*Di Priest Work*

1 God tell Aaron, "Yu, yor sons and yor tribe must sofa for di Tabanako
sin; but only yu and yor sons go sofa for di priest sins. 2 Make yu karry
yor brodas, Levi tribe and yor papa tribe follow body, so dat dem go join
and help yu wen yu and yor sons dey for di tent. 3 Dem must kare for yu
and di whole Tabanako. But dem must nor kom near di holy tins for di
Holy Place and di altar or all of una go die. 4 Dem must work with yu kon
kare for di tent where dem for dey do meetin and for all di work wey dey
di tent, but anybody wey nor kwalifai, make e nor work with yu.
5 "Na yu go kare for di sanctuary and di altar, so dat problem nor go
follow Israel pipol again. 6 Even mi mysef don choose yor brodas; Levi
pipol for Israel. God give dem to yu as gift wey go do di work for di tent
where dem for dey meet. 7 But na yu and yor sons go do di priest work,
evritin wey dey di altar and di Holy Place. And yu must work, bikos I don
give yu di gift to bi priest and anybody wey I nor choose, if e kom near di
holy tin, dem must kill-am."

*Di Priest Part*

8 God kon tell Aaron, "Si, I don put yu to kare for my special ofrin; I
don give yu all di holy tins wey Israel pipol give mi as yu and yor sons
own forever. 9 Out of all di ofrin wey holy well-well wey dem nor put for
fire, dis go bi yor own: evry ofrin wey bi dia own, weda na from dia korn
ofrin or from dia klean ofrin, or evry ofrin wey dem give mi, go dey holy
well-well for yu and yor sons. 10 Yu must chop am for di Most Holy Place
and evry boy pikin fit chop am, bikos e go dey holy to yu.
11 "And dis na yor own: special ofrin wey kom from dia gift, togeda
with all di peace ofrin wey Israel pipol give. I don give dem to yu and yor
shidren forever. Evribody wey dey klean for yor family, go fit chop am.

12 “I dey give yu all di best olive oil, wine, wheat and di first fruit wey
Israel pipol give God. 13 And any first fruit wey ripe for dia land wey dem
give God, go bi yor own. Evribody wey dey klean for yor family go fit chop
am.
14 “Anytin for Israel wey dem give to God, go bi yor own. 15 Di first-born
wey dem give to God, weda na human being or animal, go bi yor own.
But di first-born for pipol and di first-born from man animal wey nor dey
klean, dem must replace am. 16 Dem go take di shidren back wen dem don
rish one mont kon pay five shekel for silva akordin to di sanctuary shekel.
17 “But make yu nor take money for di first-born for melu, sheep or goat,
bikos dem dey holy. Yu must kill and sprinkol dia blood for di altar kon
burn dia fat for di ofrin wey dem make with fire wey get betta smell to
God. 18 But dia meat go bi yor own, just as di breast and di rite leg bi yor
own. 19 All di special ofrin for di tins wey dey holy wey Israel pipol give to
God, I don give dem to yu and yor shidren forever. E go bi salt kovenant
forever to God and na for yu and yor shidren-shidren.”

*Levi Pipol Work*

20 God tell Aaron, “Yu nor get any propaty for dia land and know part
for Israel land go bi yor own. Na mi God, bi evritin wey yu nid.
21 “I don give Levi pipol all di tithes wey Israel pipol give mi. Dis na to
pay dem for dia work wey bi to kare for di tent where dem for dey do
meetin. 22 Di oda Israel pipol nor go kom near di tent where dem for dey
do meetin again, or dem go bear dia sin and dem go die. 23 But Levi pipol
must do di work for di tent where dem for dey do meetin and dem must
bear dia own sin. Dis na rule forever for all Levi pipol. Levi pipol nor go
get any propaty for Israel, 24 bikos I don give dem di tithes wey Israel pipol
give mi. Dat na why I sey dem nor go get any propaty for Israel.”

*Law For Levi Pipol*

25 God kommand Moses: 26 “Make yu go tell Levi pipol sey: ‘Wen una
don kollect Israel pipol tithes wey God don give una as una own, una must
divide am into ten kon give one part as special ofrin to God. 27 Den God
go kollect una special ofrin as E take kollect farmer own for new korn and
wine. 28 God special ofrin and tithes wey una kollect from Israel pipol, una
go give dem to Priest Aaron. 29 From all una gifts, una must give di special
ofrin wey bi God own and e must bi di best and e go dey holy.’
30 “So make yu Moses tell dem, ‘Wen una don give di best, una fit keep di
rest, just as farmer dey keep wetin remain afta e don give en ofrin. 31 Una
fit chop am for anywhere; both una and una family, bikos na una salari for
una work for di tent where dem for dey do meetin, bi dat. 32 And una nor
go kommit any sin, since na di best part una give. Una must dey kareful,
so dat una nor go trit di holy tins wey Israel pipol get, anyhow, bikos if
una do am, una go die.’ ”

# 19

*Di Red Melu*

1 God tell Moses and Aaron: 2 “Dis na my kommand: ‘Make una tell
Israel pipol make dem bring red melu wey dey okay and wey dem neva
use take work before. 3 Dem must gi-am to Eleazar wey bi priest, so dat

e go karry am komot from di kamp, den dem go kill-am for en present.
4 Priest Eleazar go take some of di blood with en finger kon sprinkol am
seven times evriday for front of di tent where dem for dey do meetin. 5 Di
full animal, plus di skin, meat, blood and intestine, dem go burn am for di
priest present. 6 Den di priest go take cedar wood, hyssop leaf and one red
rope kon put dem for fire. 7 Di priest go wosh en klot kon baf with wota,
den e go fit enter di kamp, but di priest go dey unklean till evening. 8 Di
pesin wey burn di melu must wosh en klot with wota kon baf, but e go dey
unklean till evening. 9 Den di man wey dey klean, go kollect di melu ashes
kon go keep dem for klean place for outside di kamp and Israel pipol go
use dem take prepare di wota wey dem go take make pipol holy. Dem dey
do dis sakrifice to remove sin. 10 Di man wey gada di ashes must wosh en
klot, but e go dey unklean till evening. Dis law na forever both for Israel
pipol and di strenjas wey dey stay with dem.

*Dead Body*

11 " 'Anybody wey go tosh dead body go dey unklean for seven days. 12 E
must use klean wota take klean ensef for di third and sevent day, den e go
dey holy. But if e nor klean ensef for di third and sevent day, e nor go dey
holy. 13 Anybody wey tosh human being dead body and e nor klean ensef,
don dirty Oga God temple. So make una drive dat pesin komot from Israel
pipol, bikos dem nor klean am with di wota wey dem dey use klean pipol
wey nor klean.

14 " 'Na di law bi dis: "If anybody die for di tent, evribody wey dey di
tent wen di pesin die or wey enter, go dey unklean for seven days. 15 And
evry kontaina for di tent wey nor get kover, go dey unklean." 16 Anybody
wey tosh pesin wey dem kill with swod for war or anybody wey tosh dead
body, human being bone or grave, go dey unklean for seven days.

17 " 'Pesin wey dey klean go take some of di ashes from di melu wey
dem burn for sin kon put am for pot, den pour fresh wota inside. 18 Den e
go bring hyssop leaf, deep am for wota kon sprinkol am for di tent, evritin
for inside; for di pipol wey dey der and for di pesin wey tosh dead body,
pesin bone or grave. 19 For di third and sevent day, di pesin wey dey klean
go sprinkol di wota for di unklean pesin body. For di sevent day, e go
santify di man den di man go wosh en klot kon baf, den e go dey klean for
evening. 20 But di man wey nor dey klean or neva klean ensef, go remain
unklean, bikos dem neva sprinkol di klean wota for en body. E don spoil
Tabanako and dem must separate am from God pipol. 21 Una go obey dis
law forever.

" 'Di pesin wey sprinkol di klean wota must go wosh en klot and anybody
wey tosh di wota go dey unklean till evening. 22 Anytin wey unklean pesin
tosh, go dey unklean and any oda pesin wey go tosh am go dey unklean
till evening too.' "

# 20

*Israel Pipol Komplain Again*

1 For di first mont, di whole kommunity for Israel go Zin Wildaness kon
stay for Kadesh. For der, Miriam die and dem kon beri am.

2 Wota nor dey, so di pipol kon gada round Moses and Aaron 3 dey
komplain sey: "E for betta sey all of us die for di tent for God present!

4 Wetin make yu bring us kom dis wildaness, so dat wi go die with awa
animals? 5 Why yu take us komot from Egypt kom dis evil place where
nor-tin dey grow? No korn, fig, grape or pomegranate fruit for here. Wota
to drink sef nor even dey!"

### *Moses Ansa*

6 Moses and Aaron komot from di pipol front go enter di tent. Dem bow
face groun and God glory kon appear to dem. 7 God tell Moses, 8 "Make yu
take di stik and yu and Aaron yor broda go gada di kommunity, den tok to
di rock for dia front and wota go kom out. Like dis yu go bring wota out
from rock for di pipol, both for dem and dia animals."
9 So Moses take di stik from God present, just as God kommand am. 10 En
and Aaron kon gada di whole kommunity for di rock front, den Moses sey,
"Make una listin! Una wey sturbon well-well! Make wi bring wota out
from rock for una?" 11 Den Moses raiz en hand kon nak di rock two times
with en stik. Plenty wota rush kom out, den evribody for Israel and dia
animals kon drink beleful.

### *God Judgement*

12 Den God tell Moses and Aaron, "Bikos una nor trust mi well-well to
show di pipol how I dey holy rish, una nor go take dem enter di land wey
I dey give una."
13 Dis tin happen for Meribah where Israel pipol for komplain against
God and God show dem how E dey holy.

### *Edom Pipol Nor Agri*

14 Moses kon send message from Kadesh go give Edom king sey:
"Di message na from yor broda Israel: Yu know all di sofa wey wi dey
sofa, 15 how awa grand-grand papa go Egypt where wi stay for many
years. How Egypt pipol ponish us and awa grand-grand papa well-well.
16 So wen wi kry to God, E hear awa vois kon send messenja, wey kom
take us komot from Egypt.
Naw, wi dey Kadesh, di town wey dey una kountry side. 17 Wi beg
make una allow us waka pass una kountry. Wi nor go waka pass una
field or vineyard. Wi nor go drink wota from any well. Wi go waka just
as di king go tell us. Wi go stay for di main road until wi komot from
una aria."
18 But Edom king ansa,
"Una nor go fit waka pass awa kountry, if una try am, wi go attack
una."
19 Israel pipol kon sey,
"Wi go stay for di main road and if any of us or awa animals drink
yor wota, wi go pay for am, wi just won waka pass."
20 But Edom ansa,
"Una nor go fit waka pass."
Den Edom kom out kon attack Israel pipol with plenty sojas. 21 Edom
nor gri make Israel pipol waka pass, so dem kon waka pass anoda place.

### *Aaron Die*

22 So di whole kommunity for Israel komot from Kadesh go Mount Hor.
23 And God tell Moses and Aaron for Mount Hor, near Edom borda sey,
24 "Aaron nor go enter di land wey I promise to give Israel pipol; e go die,
bikos una nor gri obey my kommand for Meribah. 25 Make yu take Aaron

and Eleazar en pikin kom Mount Hor. 26 Den remove Aaron priest klot kon
wear am for Eleazar, bikos Aaron go die for der."
27 Moses do wetin God kommand am. Dem kon go Mount Hor for di
whole kommunity present. 28 Den Moses remove Aaron priest klot kon
wear am for Eleazar. Aaron die on-top di mountin, den Moses and Eleazar
kon kom back. 29 Di whole kommunity know sey Aaron don die, den dem
kon mourn for am for thirty days.

# 21

### *Israel Pipol Win Hormah*

1 King Arad for Kanaan wey dey stay Negev, hear sey Israel pipol dey
kom from Atarim, so e kon attack and kapture some of dem. 2 Den Israel
pipol kon make vow to God sey: "If Yu diliver dis pipol give us, wi go
distroy dia town." 3 God hear Israel pipol prayer kon diliver Kanaan pipol
to dem and dem distroy dem and dia towns. So dem kon koll dat place,
"Hormah."

### *Di Snake*

4 Den dem travel from Mount Hor near di Red Sea, go round Edom land,
but di pipol kon dey hurry anyhow for road. 5 Di pipol tok against God
and Moses sey, "Why Yu take us komot from Egypt make wi for die for dis
wildaness wey bread or wota nor dey and wi don taya for dis yeye food."
6 So God send snake go bite di pipol and dem many wey die. 7 Den di
pipol go meet Moses kon sey, "Wi don sin, bikos wi don tok against God
and yu. Make yu pray to God make E take di snake komot from where wi
dey." So Moses kon pray for di pipol.
8 God tell Moses, "Make yu make snake put on-top pole and anybody
wey snake bite wey look am, nor go die." 9 So Moses make snake with
bronze kon put am on-top pole, so dat di pipol wey snake bite, if dem look
di snake wey dem make with bronze, dem nor go die.

### *Moab Pipol*

10 Israel pipol travel kon kamp for Obot. 11 Den dem travel from Obot go
stay for Iye-Abiram, for di wildaness wey dey before Moab, for di east side.
12 From der, dem kon travel go kamp for Zered Valley. 13 Den dem travel
from der go di oda side for Amor for di wildaness wey wide from Amor,
bikos Arnon na Moab borda wey dey between Moab and Amor. 14 Dis na
why dem rite for God War Book sey,
"Waheb town wey dey Sufah aria and di valleys;
Arnon river, 15 di low valley
wey rish Ar town
klose to Moab boundary."
16 So from der, dem kon go Beer; dat na di well where God for tok to Moses
sey, "Make yu gada di pipol and I go give dem wota."
17 Den Israel pipol kon sing dis song:
"Make dis well kom up
kon sing to God!
18 Di well wey di princess dig,
wey di leaders open
with dia septa and staff."

Dem travel from di wildaness go Mattanah; 19 from Mattanah to Nahaliel
and from Nahaliel to Bamot. 20 Dem still travel from Bamot go di valley
wey dey Moab kountry, on-top Pisgah wey face di wildaness.

### *King Sihon And King Og*

21 Den, Israel pipol send messenja go meet King Sihon wey dey rule Amor
sey,

22 "Make yu allow us pass yor land; wi nor go-go di field or vineyard;
wi nor go drink wota from yor well, but wi go stay for di main road until
wi don komot from yor aria."

23 But King Sihon nor gri make Israel pipol pass en aria; instead e gada
all en sojas kon go attack Israel pipol for di wildaness. Wen e rish Jahaz,
e kon fight against Israel pipol. 24 But Israel pipol kill dia enemy well-well
kon take di land from Arnon River for nort go rish Jabbok and Ammon
side, but Ammon sojas bin guide dia aria well-well. 25 So Israel pipol take
all dis towns kon stay for Amor, Heshbon and dia village dem. 26 Heshbon
na King Sihon town for Amor. Naw, e don fight against di king wey dey
Moab before kon take all en land from der go rish Arnon.

27 Dis na why dem sey,

"Make yu kom Heshbon,
so dat dem go build am.
Make dem build
King Sihon town again!

28 Bikos fire kom out from Heshbon,
betta fire kom out from Sihon town.
E don distroy Ar wey dey Moab
and di ogas wey dey for Arnon.
29 Moab pipol, curse dey una head.
Kemosh pipol, una don skata!
Una make una sons dey run anyhow
and una dotas don turn King Sihon
for Amor, prisonas.

30 Wi don ova pawa dem;
from Heshbon go rish Dibon
and all dia pipol don die finish.
Wi don skata dem go rish Nofah
wey dey near Medeba."

31 So Israel pipol kon dey stay for Amor pipol land. 32 Moses send men
make dem go find di best way to attack Jazer town. Israel pipol katch di
town, drive Amor pipol kon dey stay der. 33 Den, Israel pipol turn go pass
di road wey lead to Bashan. King Og for Bashan kon go attack Israel pipol
for Edrei.

34 God tell Moses, "Make yu nor fear am. I go make yu win en, all en
pipol and en land. Make yu do to am wetin yu do King Sihon, di Amor
king wey bin dey rule for Heshbon."

35 So Israel pipol win and kill King Og, en sons and all en pipol, until
nobody dey to kill again, den dem kon stay for en land.

# 22

*Balaam Nor Agri Curse Israel Pipol*

1 Israel pipol kon travel go Moab for Jordan River for di oda side for
Jeriko.
2 Balak wey Zippor born kon si all wetin Israel pipol don do to Amor
pipol. 3 So Moab pipol kon dey fear, bikos Israel pipol plenty.
4 Den Moab pipol tell di eldas for Midian sey, “Dis plenty pipol go kon
distroy evritin wey wi get, just as melu take dey chop grass for field.”
Naw, King Balak wey Zippor born wey dey rule Moab pipol for dat time
5 kon send messenjas go koll Balaam wey Beor born for Petor, wey dey
near di river for en town sey,

> “Si, one nashon don komot from Egypt. Dem plenty well-well for di
> eart and dem dey stay klose to mi. 6 So, I beg make yu kom help mi
> curse dis nashon, bikos dem too get pawa pass mi. May bi I go defeat
> and drive dem komot from di land. Bikos I know sey anybody wey yu
> bless, blessing go follow am and anybody wey yu curse, curse go follow
> am.”

7 So di eldas for Moab and Midian kon karry di curse money go meet
Balaam. Dem meet Balaam kon tell am wetin Balak tok.
8 Balaam ansa dem, “Make una stay here dis nite and I go tell una anytin
wey God tell mi.” So di eldas for Moab kon stay with Balaam.
9 God kom meet and ask Balaam, “Dis men wey dey with yu, na who
dem bi?”
10 Balaam ansa, “Balak wey Zippor born, wey bi di king for Moab, naim
send dem kom meet mi sey, 11 ‘Si! One nashon don kom out from Egypt
and dem plenty well-well for di eart. So make yu kom help mi curse dem;
may bi I go fit defeat and drive dem komot from here.’ ”
12 But God tell Balaam, “Make yu nor follow dem go and make yu nor
curse di pipol, bikos I don bless dem.”
13 So Balaam get up for morning and e tell di prince dem wey Balak send
sey, “Make una go una land, bikos God sey make I nor follow una.”
14 So di prince dem go back kon tell Balak sey, “Balaam nor gri follow
us kom.”

*Balaam Follow Dem*

15 Balak kon send some oda ofisas go again, wey plenty and dey
important pass di first ones. 16 Dem go meet Balaam kon tell am,

> “Balak wey Zippor born sey: ‘Make yu nor allow anytin stop yu to
> kom help mi. 17 I go pay yu well and I go do anytin wey yu tok. Abeg
> make yu kom help mi curse dis pipol.’ ”

18 Balaam ansa, “Even if Balak give mi all di silva and gold wey dey en
palis, I nor go fit disobey di Oga my God kommand, even if na for small
matter. 19 But I dey beg make una stay dis nite, just as di oda pipol stay,
make I si if God go tok anoda tin.”
20 Dat nite God appear to Balaam kon tell am, “If dis men sey make yu
follow dem, ready make yu follow dem, but na only wetin I tell yu, na-im
yu go do.” 21 So di next day for morning, Balaam enter en donkey kon
follow di prince dem from Moab.

*God Oppoz Balaam*

[22] Den God vex sey Balaam follow dem, so God angel kon stand for road
to stop am. Naw, Balaam dey drive di donkey and en two savants dey with
am. [23] Den di donkey si God angel as e stand for di road with swod for en
hand, so di donkey turn face di field. But Balaam beat di donkey, so dat e
go turn face road.

[24] Den God angel stand for where vineyard dey and wall dey for di two
side. [25] Wen di donkey si God angel, e waka near di wall kon press Balaam
leg against am. Den Balaam beat am again.

[26] God angel go front kon stand for one small place, where road nor dey
to turn go rite or go left. [27] Wen di donkey si God angel again, e kon lie
down for groun. Den Balaam vex kon beat di am with en stik. [28] So God
open di donkey mout and di donkey tell Balaam, "Wetin I do yu wey make
yu dey beat mi so? Yu don beat mi three times!"

[29] Balaam ansa di donkey, "Na bikos yu make mi look like fool: if to sey
I get swod for my hand, I for don kill yu naw."

[30] Di donkey ansa, "Nor bi mi bi di donkey wey yu dey ride since kon
rish today? I don ever trit yu like dis?"

Den Balaam ansa, "No."

[31] Den God open Balaam eye and e si God angel as e stand for di road
with swod for en hand; so e kon fall face groun.

[32] God angel kon tell am, "Wetin make yu beat dis donkey three times?
Si, I kom here kon stop yu, bikos wetin yu dey do, I nor like am. [33] Di
donkey si mi kon turn from mi three times. If to sey e nor turn from mi,
I for kill yu leave di donkey."

[34] Balaam kon tell God angel, "I don sin. I nor know sey yu stand against
mi for di road. So if wetin I dey won go do nor dey good for yor eye, I
go-go house back."

[35] But God angel ansa, "Make yu go with di men, but na only wetin I tell
yu, na-im yu go tok." So Balaam kon go with di prince dem wey kom from
Balak.

### *Balaam Meet Balak*

[36] Wen King Balak hear sey Balaam dey kom, e go outside go meet am for
Moab town wey dey Arnon boundary for di aria. [37] Balak kon tell Balaam,
"Why yu nor kom di first time wen dem kom koll yu? Yu tink sey I nor go
fit pay yu?"

[38] Balaam ansa am, "Naw I don kom, but I nor get pawa to tok wetin I
wont. Na only wetin God tell mi, I go tok."

[39] So Balaam kon follow Balak go Kiriat-Huzot town, [40] where Balak for
kill kattle and sheep kon give some meat to Balaam and di prince dem wey
dey with am. [41] Den di next morning, Balak kon take Balaam go Bamot
Baal where e go for fit si some Israel pipol from far.

## 23

### *Balaam Bless Israel*

[1] Balaam kon tell Balak, "Make yu build seven altar for here for mi, den
bring seven melu and seven ram." [2] So Balak do wetin Balaam tok. Balak
and Balaam kon give one melu and one ram as ofrin for each altar.

3 Balaam tell Balak, "Make yu stand for here near yor burnt ofrin and I
go-go pray and anytin wey God show mi, I go tell yu." So only Balaam kon
go on-top di hill.

4 God kom meet Balaam and Balaam sey, "I don build di seven altar and
I don give one melu and one ram for each one."

5 Den God tell Balaam, "Go back go meet Balak, tell am wetin I tell yu."

6 So Balaam go meet Balak for where en stand (near en burnt ofrin),
both en and all di prince dem for Moab. 7 Den Balaam profesai kon sey:

"King Balak for Moab bring mi kom from Aram,
from di mountin wey dey di east
kon sey, 'Make yu kom help mi
curse Israel pipol.'
8 Na how I wont take curse
pipol wey God nor curse?
Or how I go take distroy
wen God nor send mi?
9 I dey si dem from where I stand on-top di rock;
I dey look dem from di hill.
Dem bi one nashon wey dey stay alone;
dem know sey dem dey bless pass oda nashon.
10 Who go fit kount Jakob dust,
dem too many to kount.
Make I die as God pikin;
make I die in peace as betta man."

### *Balaam Shange Pozishon*

11 Den Balak tell Balaam, "Wetin yu do mi so? I sey make yu help mi
curse my enemy, but yu kon dey bless dem!"

12 Balaam ansa, "Na only wetin God tell mi, I go fit tok."

13 Balak kon tell am, "Abeg, follow mi go anoda place where yu go si
some Israel pipol, den help mi curse dem from der." 14 So Balak take
Balaam go Zofim field, on-top Pisgah, where e for build seven altar kon
give one melu and one ram for each of dem.

15 Balaam kon tell am, "Make yu stand near yor burnt ofrin and I go-go
pray to God."

16 God kom meet and tell Balaam, "Make yu go back go meet Balak kon
tell am wetin I tell yu."

17 Wen Balaam kom back, e si sey Balak still stand near di burnt ofrin,
with di prince dem for Moab. So Balak ask, "Na wetin God tok?"

### *Balaam Profesai Again*

18 Balaam kon profesai,
"Make una kom! Balak wey Zippor born,
make yu kom hear wetin I dey tok.
19 God nor bi like man wey dey lie
and E nor bi human being wey dey shange en mind.
Anytin wey E promise, E dey do am;
Anytin wey E tok, na so e go bi.
20 E don kommand mi make I bless dem
and wen God bless pesin, I nor go fit shange am.

21 Wahala nor go happen to Jakob shidren;

Israel pipol nor go si trobol.
Bikos di Oga wey bi dia God dey with dem
and na-im bi di king.
22 Na God take dem komot from Egypt;
E dey fight for dem like wiked melu.
23 Nobody fit curse Jakob shidren;
majik nor fit wound Israel pipol.
And pipol go tok about Jakob sey,
'Si di wonderful tins wey God don do
for Israel pipol!'
24 Israel pipol go bi like strong lion
wey nor dey rest until e don distroy en enemies
kon drink di blood of di pesin wey e kill."

### *Balaam Shange Pozishon Again*

25 Den Balak tell Balaam, "As yu nor gri curse Israel pipol, den make yu
nor bless dem!"
26 But Balaam ansa, "I nor tell yu sey na wetin God tell mi, na-im I go
do?"
27 Balak tell Balaam, "Abeg make yu kom; I go take yu go anoda place.
May bi God go allow yu curse dem from der." 28 So Balak take Balaam go
on-top Peor for di wildaness.
29 Den Balaam tell Balak, "Make yu build seven altar for here for mi kon
bring seven melu and seven ram." 30 So Balak do wetin Balaam tell am
kon give one melu and one ram for each altar.

## 24

### *Balaam Profesai Again*

1 Wen Balaam si sey God wont make e bless Israel, e nor kon go meet
God as before, but e turn waka go near di wildaness. 2 As Balaam look
up, e si Israel pipol kamp akordin to dia tribe and God Spirit kon enter en
body. 3 Den e start to profesai:
"Balaam wey Beor born, naim message bi dis;
di man wey en eyes open well-well, na en word bi dis;
4 di man wey dey hear wetin God dey tok.
Pesin wey dey si vishon from God,
even as en eye open. So e sey:

5 'Si as Israel tent fine,
di place where Jakob dey stay!
6 Dem bi like long valley;
like gardin wey dey near wotaside.
Dem bi like aloe wey God plant
and cedar tree wey dem plant near wota.
7 Dem go get enough rain
and dia shidren-shidren go plenty like river;
dia kings go get pawa pass Agag
and pipol go praiz dia kingdom.
8 God take dem komot from Egypt.
E dey fight for dem like wiked melu.
Dem kill and break sturbon pipol bones

kon shuk dem with arrow.
9 Di nashon bi like strong lion;
wen e dey sleep, nobody fit wake am.
Anybody wey bless Israel pipol, go dey bless
and anybody wey curse Israel pipol, curse go follow am.' "
10 Den Balak kon dey vex well-well for Balaam, so e klap en hand kon
tell Balaam, "I koll yu make yu kon curse my enemies, but si, yu don bless
dem three times! 11 So naw, make yu dey go! I sey I go pay yu well; but
naw, God nor wont make I pay yu."
12 Balaam tell Balak sey, "I tell di messenjas wey yu send to mi sey,
13 'Even if yu give mi yor house with all yor silva and gold, I nor go fit
disobey God kommand to do evil or good just as I wont am, but na anytin
wey God tell mi, I go tok.' 14 I dey go meet my pipol naw, but make I warn
yu about wetin dis pipol go soon do yor pipol."

### *Balaam Still Profesai*

15 Den Balaam profesai sey:
"Balaam wey Beor born, naim message bi dis;
di man wey en eyes open well-well, na en word bi dis;
16 di man wey dey hear wetin God tok,
wey know di tins wey dey di Most High mind;
di one wey dey si vishon from di Almighty,
even as en eye open.
So e kon sey:
17 'I don si am, but nor bi naw
e go happen;
Even doh I hold am,
e nor dey near my hand.
One star go kom out from Jakob pipol.
E go kom out from Israel like septa.
E go kill Moab pipol and Seth sons.
18 E go take-ova Edom town and propaty;
den Israel pipol go win.
19 Dem go bring leader from Jakob house
and e go distroy di pipol wey remain for di town.' "

### *Balaam Last Profesy*

20 Den Balaam look Amalek pipol kon profesai:
"Before-before, na Amalek strong pass among di nashons,
but e go skata forever."
21 Den e look Kenite pipol kon profesai:
"Where una dey stay strong well-well
and dey save like bird house on-top tree.
22 But dem go distroy Kenite pipol.
How long Asshur go use una as slave?"
23 Den e profesai kon sey:
"Yes! Na who go dey alive
wen God don do all dis tins!
24 Strenjas go kom from Cyprus
kon ovakom Assyria and Eber,
but dem too, go die forever."
25 Den Balaam and Balak kon go dia house.

# 25

*Israel Pipol Sin*

1 Wen Israel pipol dey for Shittim, dem kon dey sleep with Moab wimen.
2 Dis wimen invite di pipol kom dia juju festival; den di pipol chop and
woship dia juju. 3 Bikos Israel pipol join dem woship Baal-Peor, God kon
dey vex well-well for dem.

*God Ponish Dem*

4 God tell Moses, "Arrest all di leaders kon hang dem before di Oga for
aftanoon, so dat mi God nor go vex for Israel pipol again."
5 So Moses tell di judge dem wey dey Israel sey, "Each of una must kill
doz men among una wey dey woship Baal-Peor."
6 At wons, one Israel man bring one Midian woman enter di tent where
Moses and di whole kommunity for dey kry. 7 Wen Finehas wey Eleazar
born, Aaron di priest grand-pikin si am, e komot from where all di pipol
gada, take spear 8 follow di Israel man enter en tent, den kill di two of
dem. So di wahala wey dey distroy Israel pipol kon stop. 9 Doz wey die
for di wahala na 24,000.

*Wetin Happen Leta*

10 God tell Moses: 11 "Finehas wey Eleazar born, wey bi Aaron di priest
grand-pikin don remove my vexnashon from Israel pipol, wen e do dat tin
wey e do and naim make mi nor distroy dem wen I dey vex. 12 So make
yu tell am sey: 'I go gi-am my kovenant wey dey bring peace. 13 Na en get
am and en shidren go bi priest forever, bikos e take en God sirious kon
make mi forgive dis pipol.' "
14 Di Israel man wey dem kill with dat Midian woman, na Zimri wey
Salu born, wey bi leader for Simeon tribe. 15 Di Midian woman wey dem
kill, na Cozbi wey Zur born. Zur na leader for Midian tribe.
16 Den God kommand Moses, 17 "Make yu attack and distroy Midian
pipol, 18 bikos dem bring wahala to una wen dem deceive una koncerning
Peor and bikos of Cozbi, wey die for di time wey Peor bring wahala enter
una land."

# 26

*Di Sekond Kount*

1 Afta di wahala, God kon tell Moses and Aaron pikin Eleazar sey, 2 "Make
una kount di kommunity for Israel akordin to dia family, from twenty
years go, doz wey go fit work as soja for Israel." 3 So Moses and Aaron
pikin Eleazar, tok to di pipol for Moab near Jordan River wey dey across
Jeriko. Dem kon sey, 4 "Make una kount di pipol from twenty years go, just
as God kommand Moses. Dis na Israel pipol wey kom out from Egypt."

*Reuben*

5 Reuben na di first-born for Israel. Reuben shidren na: Hanok family,
Pallu family, 6 Hezron family and Karmi family. 7 Dis na Reuben family
and doz wey dem kount na 43,730. 8 Pallu pikin na Eliab. 9 Eliab sons na,
Nemuel, Datan and Abiram. Na Datan and Abiram with Korah komplain
against Moses, Aaron and God. 10 Di eart open kon swallow and kill dem

with Korah. Di pipol wey di fire distroy, na 250 men. Wetin happen to
dem kon bi warnin to di rest pipol. 11 But di sons wey Korah born, nor die.

### *Simeon*

12 Simeon shidren akordin to dia family na: Nemuel family; Jamin
family; Jakin family; 13 Zera family and Shaul family. 14 Dis na Simeon
family and dem bi 22,200.

### *Gad*

15 Gad shidren akordin to dia family na: Zefon family; Haggi family:
Shuni family; 16 Ozni family; Eri family; 17 Arod family and Areli family.
18 Dis na Gad family and dem bi 40,500.

### *Judah*

19 Judah shidren na Er and Onan, but Er and Onan die for Kanaan land.
20 And Judah shidren akordin to dia family na: Shelah family; Perez family
and Zera family. 21 Perez family na: Hezron family and Hamul family.
22 Dis na Judah family and dem bi 76,500.

### *Issakar*

23 Issakar shidren akordin to dia family na: Tola family; Puah family;
24 Jashub family and Shimron family. 25 Dis na Issakar family and dem bi
64,300.

### *Zebulun*

26 Zebulun shidren akordin to dia family na: Sered family; Elon family
and Jahleel family. 27 Dis na Zebulun family and dem bi 60,500.

### *Manasseh*

28 Josef shidren akordin to dia family na: Manasseh and Efraim.
29 Manasseh family na: Makir family. Na Makir bi Ramot papa. Wi
get Gilead family 30 and from am wi get: Iezer family; Helek family;
31 Asriel family; Shekem family; 32 Shemida family and Hefa family. 33 Naw
Zelofehad wey Hefa born nor get any man pikin, but na only wimen e
born and dia names na Mahlah, Noah, Hoglah, Milka and Tirzah. 34 Dis na
Manasseh family and dem bi 52,700.

### *Efraim*

35 Efraim shidren akordin to dia family na: Shutela family; Beka family
and Tahan family. 36 Na Shutela shidren bi Eran family. 37 Dis na Efraim
family and dem bi 32,500. All dis na Josef shidren-shidren akordin to dia
family.

### *Benjamin*

38 Benjamin shidren akordin to dia family na: Bela family; Ashbel family;
Ahiram family; 39 Shufam family and Hufam family. 40 Bela shidren na Ard
and Naaman. 41 Dis na Benjamin family and dem bi 45,600.

### *Dan*

42 Dan shidren akordin to dia family na: Shuham family. Dis na Dan
shidren, akordin to dia family: 43 dis na Shuham family and dem bi 64,400.

### *Asher*

44 Asher shidren akordin to dia family na Imnah family; Ishvi family and
Beraya family. 45 From Beraya shidren, wi still get Heba family; Malkiel

family. [46] Asher dota name na Serah. [47] Dis na Asher family and dem bi
53,400.

*Naftali*

[48] Naftali shidren akordin to dia family na: Jahziel family; Guni family;
[49] Jeza family and Shillem family. [50] Dis na Naftali family and dem bi
45,400.

*Di Whole Nomba For Israel*

[51] Di total nomba for Israel men wey dem kount na 601,730. [52] Den God
tell Moses: [53] "Make yu divide di land between di difren tribes, akordin
to dia size. [54] Any tribe wey plenty, yu go give dem big land and di tribe
wey small, yu go give dem small land. Yu go give evry tribe akordin to dia
nomba. [55] Yu go trow dice take divide di land and dem go get dia porshon
akordin to di tribe wey dem from kom. [56] Dem go get dia share with di
dice akordin to di group wey small or big pass."

[57] Levi pipol wey dem kount akordin to dia family na: from Gershon
pipol, Kohat pipol and Merari pipol. [58] Dis na Levi family and dem bi:
Libni family, Hebron family, Mahli family, Mushi family and Kohat family.

Na Kohat born Amram. [59] Amram wife name na Jokebed, Levi dota wey
dem born for Egypt. Di woman born Aaron, Moses and dia sista Miriam
give Amram. [60] Aaron pikin na: Nadab and Abihu, Eleazar and Itama.
[61] But Nadab and Abihu die wen dem go offa anoda ofrin to God.

[62] Doz wey dem kount na 23,000. All di men from one mont go wey dem
nor kount among Israel pipol, dem nor give dem any propaty for Israel.

[63] Dis na doz wey Moses and Eleazar di priest kount among Israel pipol
for Moab near Jordan River wey face Jeriko. [64] But nobody among dis
pipol dey wen Moses and Aaron bin kount dem for Sinai Wildaness. [65] God
don tok about dem sey, "Dem go must die for di wildaness." And nobody
among dem go remain, escept Kaleb wey Jefunneh born and Joshua wey
Nun born.

# 27

*Special Law for Propaty*

[1] Den di dotas wey Zelofehad wey Hefa born, wey Gilead born, wey
Makir born, wey Manasseh born wey Josef born kon kom. Di girls names
na, Mahlah, Noah, Hoglah, Milka and Tirzah. [2] Dem stand before Moses,
Eleazar di priest, di leaders and all di pipol wey gada for di tent where dem
for dey do meetin door-mot kon sey, [3] "Awa papa die inside wildaness, aldo
e nor join Korah pipol and doz wey gada demsef against God; but e die
bikos of en own sin. [4] Wetin go make awa papa name lost from en family,
bikos e nor get man pikin? So make yu give us propaty from di ones wey
awa papa family get."

[5] So Moses take dia kase go meet God. [6] God tell Moses: [7] "Zelofehad
dotas ask for wetin dey rite. So yu must give dem dia papa propaty among
dia family.

[8] "Yu must tell Israel pipol sey, 'If man die and e nor get man pikin, den
una go give en propaty to en dotas; [9] and if e nor get dotas, den una go
give en propaty to en brodas; [10] but if e nor get brodas, den una go give en
papa brodas en propaty; [11] if en papa nor get brodas, den una go give en

propaty to di pesin wey dey klose to am pass for en family and e go take
am. Dis go bi law wey Israel must obey, bikos na God kommand.' "

*Joshua Bi Leader*

12 Den God tell Moses, "Klimb go Abarim Mountin, so dat yu go si di
land wey I don give Israel pipol. 13 Wen yu don si am, yu go die, just
as yor broda Aaron take die. 14 Bikos for Zin Wildaness where di pipol
for komplain against mi, yorsef komplain against my kommand wen yu
suppose show how I dey holy, bikos of Meribah wota for Kadesh."
15 Den Moses tell God: 16 "Oga God wey dey give life, make Yu choose
one man wey go lead di pipol, 17 pesin wey go-go out before dem and kom
back before dem and wey go lead dem, so dat God pipol nor go bi like
sheep wey nor get who dey guide dem."
18 God ansa, "Make yu take Joshua wey Nun born kon put yor hand for
en head, bikos na-im go fit lead dem; 19 tell am make e stand before Eleazar
di priest; before all di kommunity, den announce am as di pesin wey go
take-ova from yu. 20 Give am some of yor pawa, so dat all di kommunity
go obey am. 21 E go stand before Eleazar wey go-go hear from God akordin
to di Urim. Akordin to en kommand, dem go-go out and kom in, both en
and all Israel pipol."
22 Moses do as God kommand am. E sey make Joshua stand before
Eleazar di priest and di whole kommunity for Israel. 23 E put en hand
for Joshua head kon sey na-im go take-ova from am. E do evritin, just as
God kommand am.

# 28

*Evriday Ofrin*

1 God tell Moses: 2 "Make yu kommand Israel pipol sey: 'Make una give
God di rite food ofrin wey go make belle sweet am. 3 Dis na di food ofrin
wey una go give to God evriday: two man lamb wey bi one year and dem
must dey okay. 4 Make una give di first lamb for morning and di sekond
one for evening, 5 each one with di korn ofrin wey bi one kilogram for
flower, wey dem mix with one lita of di best olive oil. 6 Dis na di evriday
burnt ofrin wey dem go first give for Mount Sinai as dia food ofrin, bikos
na betta ofrin e bi to God. 7 For di wine ofrin with di first lamb, make una
pour one lita for di altar. 8 For evening, make una give di sekond lamb as
una take give di first ofrin togeda with en wine ofrin. Na food ofrin e still
bi and God like di smell well-well.

*Sabat Day Ofrin*

9 " 'For di Sabat Day, una must give two man lamb wey bi one year and
dem must dey okay; two kilogram for flower wey dem mix with olive oil
as korn ofrin and di wine ofrin. 10 Dis burnt ofrin go bi for evry Sabat Day
plus di ofrin wey dem dey give evriday with en wine ofrin.

*Evry Mont Ofrin*

11 " 'Make una give di burnt ofrin to God as each mont start: two yong
melu; one ram; seven man lamb wey bi one year and all of dem must dey
okay. 12 Una go add all dis tins join di korn ofrin wey dem mix; six kwota of
flower with each melu, four kwota with each ram and 13 two kwota with
each lamb. Dis burnt ofrin go bi special gift and God dey like di smell.

14 Una go still give di wine ofrin with each sakrifice: two kwota of wine
for each melu, three kwota for di ram and one kwota for each lamb. Make
una dey do dis sakrifice for di first day for evry mont 15 Una go still dey
offa di evriday burnt ofrin with en wine ofrin and one man goat as sin
ofrin.

*Passova And Bread*

16 " 'For di fourteent day for di first mont, una go dey do di Passova
Feast to tank God. 17 For di fifteent day for di mont, una go start one holy
festival wey go end for di sevent day and for doz days, na only bread wey
nor get yist una go dey chop. 18 For di first day, una go gada woship and
una nor go do any work. 19 But una must offa food ofrin to God: two melu,
one ram and seven man lamb wey bi one year and dem must dey okay.
20 Make una give di rite korn ofrin wey bi flower wey dem mix with olive
oil: three kilogram with each melu, two kilogram with di ram 21 and one
kilogram with each lamb. 22 Make una still give one man goat as sin ofrin
and like dis, una go make di pipol holy. 23 Make una give dis plus di normal
morning burnt ofrin. 24 Like dis too, for seven days, make una give God
food ofrin, di smell wey E dey like well-well. Make una give all dis ones,
plus di evriday burnt and wine ofrin. 25 For di sevent day, make una gada
woship and make una nor do any work.

*First Fruit*

26 " 'For di first day wen una dey do di harvest feast, wen una dey give
di ofrin for new korn to God, una go gada woship and una nor go do any
work. 27 Make una give burnt ofrin, di kind smell wey God like well-well,
dat is: two yong melu, one ram and seven man lamb wey bi one year and
dem must dey okay. 28 Make una give di rite korn ofrin for flower wey
dem mix with olive oil: three kilogram with each melu, two kilogram with
di ram 29 and one kilogram with each lamb. 30 Make una still give one
man goat as sin ofrin and like dis, una go make di pipol holy. 31 Una go
offa dem with di wine ofrin plus di normal burnt and korn ofrin and dem
must dey okay.

# 29

*Blow Di Trumpet*

1 " 'For di first day for di sevent mont, una go gada woship mi. Una must
nor do any work, bikos dat na di day wey dem go blow trumpet for una.
2 Make una give burnt ofrin to God, di smell wey God go like: make una
give one yong melu, one ram and seven man lamb wey bi one year and
all of dem must dey okay. 3 Make una give di rite korn ofrin for flower
wey dem mix with olive oil: three kilogram for flower with di melu; two
kilogram with di ram, 4 and one kilogram with each lamb. 5 Make una
still give one man goat as sin ofrin and like dis, una go make di pipol holy.
6 Make una give dis plus di normal burnt ofrin for di first day for di mont
with en korn ofrin; di evriday burnt ofrin with en grain and wine ofrin.
Dis food ofrin get betta smell wey God like well-well.

*Day To Pray For Forgivenes*

7 " 'Make una gada woship God for di tent day for di sevent mont and
make una nor chop food or do any work. 8 But una must give burnt ofrin

to God; di smell wey God dey like: una go give one yong melu, one ram
and seven man lamb wey bi one year and dem must dey okay. [9] Make
una give di rite korn ofrin for flower wey dem mix with olive oil: three
kilogram for flower with di melu, two kilogram with di ram, [10] and one
kilogram with each lamb. [11] Make una still give one man goat as sin ofrin
and like dis, una go make di pipol holy and una go still give di evriday
burnt ofrin with en korn ofrin.

### *Di Feast For Where Una Dey Stay Naw*

[12] " 'Make una gada woship God for di fifteent day for di sevent mont.
Una go do dis to take honor God for seven days and una nor go do any
work. [13] For di first day, una go give food ofrin to God, di smell wey God
like well-well: una go give thirteen yong melu, two ram and fourteen man
lamb wey bi one year and dem must dey okay. [14] Make una give di rite
korn ofrin wey bi flower wey dem mix with olive oil: three kilogram with
each melu, two kilogram with each ram, [15] and one kilogram with each
lamb. [16] Make una still give one goat as sin ofrin. Give dis plus di evriday
burnt ofrin with en grain and wine ofrin.
[17] " 'For di sekond day, make una give twelf yong melu, two ram and
fourteen man lamb wey bi one year and dem must dey okay. [18] Una go
still give dia grain and wine ofrin with di melu, ram and di lamb, akordin
to di nomba wey dem tok. [19] Una go add one man goat join am to take
make di pipol holy, plus di evriday burnt ofrin with en grain and wine
ofrin.
[20] " 'For di third day, una go give eleven melu, two ram, fourteen man
lamb wey bi one year and dem must dey okay, [21] with dia grain and wine
ofrin, di melu, di ram and di lamb, akordin to di nomba wey dem tok.
[22] Una go add one man goat join am to take make di pipol holy, plus di
evriday burnt ofrin with en grain and wine ofrin.
[23] " 'For di fourt day, make una give ten melu, two ram and fourteen
man lamb wey bi one year and dem must dey okay, [24] with dia grain and
wine ofrin, di melu, ram and di lamb, akordin to di nomba wey dem tok.
[25] Una go add one man goat join am to take make di pipol holy, plus di
evriday burnt ofrin with en grain and wine ofrin.
[26] " 'For di fift day, make una give nine melu, two ram and fourteen
man lamb wey bi one year and dem must dey okay, [27] with dia grain and
wine ofrin, di melu, di ram and di lamb, akordin to di nomba wey dem
tok. [28] Una go add one man goat join am to take make di pipol holy, plus
di evriday burnt ofrin with en grain and wine ofrin.
[29] " 'For di sixt day, make una give eight melu, two ram and fourteen
man lamb wey bi one year and dem must dey okay, [30] with dia grain and
wine ofrin, di melu, ram and di lamb, akordin to di nomba wey dem tok.
[31] Una go add one man goat join am to take make di pipol holy, plus di
evriday burnt ofrin with en grain and wine ofrin.
[32] " 'For di sevent day, make una give seven melu, two ram and fourteen
man lamb wey bi one year and dem must dey okay, [33] with dia grain and
wine ofrin, di melu, ram and di lamb, akordin to di nomba wey dem tok.
[34] Una go add one man goat join am to take make di pipol holy, plus di
evriday burnt ofrin with en grain and wine ofrin.

35 " 'For di eight day, make una gada woship and nor do any work.
36 Make una give food ofrin to God, di smell wey God like well-well: one
yong melu, one ram and seven man lamb wey bi one year and dem must
dey okay, 37 with dia grain and wine ofrin, di melu, ram and di lamb,
akordin to di nomba wey dem tok. 38 Una go add one man goat join am
to take make di pipol holy, plus di evriday burnt ofrin with en grain and
wine ofrin.
39 " 'Dis na di law for burnt, grain, wine and fellowship ofrin wey una
go give God wen una dey do di feast. Dis ones join di ofrin wey una go
give to fulfil di vow or as free will ofrin.' "
40 So Moses tell Israel pipol evritin wey God kommand am.

# 30

*Wen Man Make Vow*

1 All di leaders for di tribe, Moses kon tell dem about Israel pipol sey,
"Dis na wetin God kommand: 2 'If man make vow give God or take ensef
take swear, e must nor break am, but e go do wetin e tok.

*Wen Woman Make Vow*

3 " 'If yong woman wey still dey stay en papa house make vow give God
or promise with ensef 4 and en papa hear en vow and e nor tok, den e
must do evritin wey e vow or promise. 5 But if en papa nor gri make e do
wetin e vow wen e hear am, God go forgi-am, bikos en papa nor gri make
e do am.

*Wen Wife Make Vow*

6 " 'If woman wey neva marry make vow, weda e know or e nor know,
or promise and fail, den e kon marry, 7 if di husband hear about en vow
and e nor tok, den e must do evritin wey e vow or promise. 8 But if di
husband nor gri make e do wetin e vow, God go forgi-am.

*Woman Wey En Husband Don Die Vow*

9 " 'Woman wey en husband don die or dem nor dey togeda again, must
do wetin e vow or promise.
10 " 'If woman wey don marry make vow or promise, 11 if di husband
hear am and e nor tok, den e must do evritin wey e vow or promise. 12 But
if en husband nor gri make e do wetin e vow or promise, e fit nor do am
and God go forgi-am, bikos na en husband nor gri make e do am. 13 So en
husband get di rite to gri or nor gri make e do wetin e vow or promise.
14 But if di day afta e hear about di vow, e nor tok anytin, e must do evritin
wey e vow or promise and since e nor tok anytin for di day wen e hear
about am, e don agri with di vow wey di woman make. 15 But if leta e
nor gri make e do wetin e vow, e go sofa, bikos e nor allow am do wetin e
vow.' "
16 Dis na di law wey God give Moses about vow wey koncern, man and
en wife; and about papa and en dota wey dey di same house.

# 31

*Midian War*

1 God tell Moses: 2 "Make yu ponish Midian pipol, bikos of wetin dem
do Israel pipol. Afta yu don do am, yu go die."

[3] So Moses tell di pipol, “Make una ready for war, so dat una go fit attack
Midian pipol kon ponish dem for wetin dem do God pipol. [4] From each
tribe wey dey Israel, make una send 1,000 men go war.” [5] So dem kon
choose 1,000 men from each tribe and all di men wey ready for war, na
12,000.

### *Komplain About Midian Pipol*

[6] So Moses send dem go war and na Finehas wey Eleazar di priest born
bi dia leader. Na dis Finehas dey kare for di holy tins and di trumpet wey
dem take dey give sign.
[7] Dem attack and kill all di men for Midian, just as God kommand Moses.
[8] Dem kill di five kings for Midian wey bi Evi, Rekem, Zur, Hur and Reba.
Dem still kill Balaam wey Beor born. [9] Israel pipol katch all di wimen and
shidren for Midian kon karry all dia animals, propaty [10] den dem burn
dia towns and kamps. [11] Dem take all dia propaty, plus di prisonas and
animals [12] go give Moses, Eleazar and Israel pipol near di kamp for Moab
wey dey di oda side for Jordan River near Jeriko. [13] Moses, Eleazar and
all di oda leaders for di kommunity kon komot from di kamp go meet di
sojas.

### *Midian Wimen*

[14] Moses vex with di ofisas and di leaders wen dem kom back from di
war. [15] So e ask dem, “Why una nor kill all di wimen? [16] Remember sey na
dis wimen obey wetin Balaam tok for Peor kon make di pipol sin against
God. Dat na wetin curse wahala for God pipol. [17] So naw, make una kill
all di boys and wimen wey don sleep with man, [18] but nor kill di girls and
wimen wey neva sleep with man before.

### *Wen War Di End*

[19] “Naw all of una wey don kill pesin or wey tosh dead body go stay
outside di kamp for seven days and for di third and sevent day, make una
and di wimen wey una katch klean unasef. [20] Make una klean all una klot
and evritin wey dem make with leda, goat hair, or wood.” [21] Eleazar di
priest kon tell di men wey kom back from war sey, “Dis na di law wey
God give Moses: [22] ‘Na only di gold, silva, bronze, iron, tin, lead [23] and
evritin wey go fit pass thru fire, naim una go put for fire, so dat dem go
dey holy, but anytin wey una nor fit put for fire, una go-go wosh am with
wota. [24] Una must wosh una klot for di sevent day and una go dey holy,
den una go fit enter di kamp.’ ”

### *Dem Share Di Propaty*

[25] Den God tell Moses: [26] “Make yu, Eleazar and di leaders take di propaty
wey dem karry, both pipol and animals [27] kon share di propaty into two.
One for doz wey go fight di war and di oda one for di whole kommunity.
[28] From di sojas own, make yu take God tax komot; one from evry five
hundred prisona and na di same tin for di animals. [29] Make yu give Eleazar
all of dem as special ofrin to God. [30] From di ones wey dem give di oda
pipol, make yu take one from evry fifty prisona and na di same tin for di
animals. Yu go give all of dem to Levi pipol wey dey kare for Tabanako.”
[31] So Moses and Eleazar kon do wetin God kommand. [32] All di good tins wey
remain from di propaty wey di men wey go war karry, na 675,000 sheep;

[33] dem still karry 72,000 kattle, [34] 61,000 donkey, [35] plus 32,000 wimen wey
neva sleep with man at-all. [36] Di half wey dem share give di sojas
na 337,500 sheep; [37] God tax for di sheep na 675.
[38] Di kattle wey dem kount na 36,000; God tax na 72.
[39] Di donkey na 30,500; God tax na 61.
[40] Di pipol kon bi 16,000, so God tax na 32 pipol.
[41] So Moses give di tax wey bi God special ofrin to Eleazar di priest, just
as God kommand am. [42] Wetin dem share give di kommunity na di same
tin with wetin dem give di sojas. [43] So dem share 337,500 sheep kon give
dem to di kommunity, [44] 36,000 kattle, [45] 30,500 donkey [46] and 16,000 pipol.
[47] From evritin wey dem share give di kommunity, Moses take one from
evry fifty kon give dem to Levi pipol wey dey kare for Tabanako, just as
God kommand.
[48] Den di ofisas wey dey kommand di soja kon go meet Moses [49] sey,
"Oga God, wi don kount all di sojas wey dey under awa kommand and
dem komplete. [50] So wi dey bring di gold ornaments, armlets, bracelets,
rings, ear-rings and necklaces wey each of us take. Wi give dem to God as
payment for awa life, so dat E go protet us."
[51] Moses and Eleazar kon take all di gold as ornament. [52] All di gold wey
di ofisas give to God heavy rish 16,750. [53] Each soja don take propaty for
ensef. [54] So Moses and Eleazar di priest kon take di gold from di ofisas go
di tent, so dat God go protet Israel pipol.

# 32

### *Reuben And Gad Pipol*

[1] Naw Reuben and Gad pipol get many kattle. Wen dem si sey Jazer
and Gilead land dey good [2] dem kon go meet and tell Moses, Eleazar and
di leaders sey, [3] "Atarot, Dibon, Jazer, Nimrah, Heshbon, Elealeh, Sebam,
Nebo and Beon, [4] di land wey God don give Israel pipol dey good for kattle
and yor savants get kattle. [5] So wi wont beg make una give us dis land as
awa propaty. Make una nor make us cross Jordan River with una."

### *Moses Ansa*

[6] Moses kon tell Gad and Reuben pipol sey, "Una won stay here make
only una brodas go fight war? [7] Why una won diskorage Israel pipol make
dem nor cross Jordan River go di land wey God don give dem? [8] Una papa
do di same tin wen I send dem from Kadesh Barnea go si di land. [9] Wen
dem si di land from Eshkol Valley, dem kon diskorage Israel pipol, so dat
dem nor go enter di land wey God don give dem. [10] So God kon dey vex
dat day and E swear sey, [11] 'Bikos dem nor follow mi with all dia heart,
no one among dem from twenty years go wey komot from Egypt go si di
land wey I promise sey I go give Abraham, Isaak and Jakob, [12] but Kaleb
wey Jefunneh from Keniz born and Joshua wey Nun born go enter, bikos
dem follow God with all dia heart.' [13] So God vex for Israel pipol kon make
dem waka anyhow for di wildaness for forty years, until all di pipol wey
do bad before God, die finish.
[14] "Naw si, una don dey won bihave like una papa wey like sin. Una
wont make God vex for Israel pipol again. [15] And if una nor follow am, E
go leave una again for di wildaness and una go make am distroy odas."

### *Wetin Reuben And Gad Pipol Tok*

16 Den dem go near Moses kon sey, "Wi go build house here for awa
animals and family, 17 but wi go follow awa brodas go war and wi go lead
for di attack until dem don setol for di land wey go bi dia own. Awa
shidren go dey here for sometaim for di house wey wi build to take protet
dem from di pipol wey get di land. 18 Wi nor go-go awa house until all di
tribe for Israel don get dia propaty. 19 Wi nor go take any propaty for di
oda side for Jordan River or for front, bikos wi don get awa share for dis
east side for Jordan River."

20 Den Moses ansa dem, "If una go fit do dis tin kon dey ready to fight for
God present 21 and all una sojas cross Jordan River as God kommand kon
attack awa enemies until God defeat dem 22 and wi take di land as awa
own, den una fit kom back, bikos una don do di work wey una suppose
do for God and for Israel pipol. Den God go give una di land wey dey east
for Jordan River.

23 "But if una nor do wetin una promise, I dey warn una, bikos na sin
una don kommit against God bi dat. Make una nor konfuse unasef; bikos
una go must get di ponishment for una sin. 24 So make una build towns
for una shidren and house for una animals, but make una do wetin una
tok!"

25 Gad and Reuben pipol kon ansa, "Oga, wi go do wetin yu kommand.
26 Awa wifes, shidren and animals go dey here for Gilead. 27 But all of us
don ready to go fight, just as God kommand. Wi go cross Jordan River go
fight, just as yu tok."

28 So Moses give Eleazar, Joshua and di oda leaders for Israel dis
kommand sey: 29 "If Gad and Reuben pipol cross Jordan River go fight
akordin to God kommand and if una konker di land with dia help, den
una go give dem dis land as dia propaty. 30 But if dem nor cross Jordan
River and dem nor go fight with una, den na Kanaan land dem go for get
dia own land and propaty."

31 Den Gad and Reuben pipol ansa, "Oga, wi go do wetin God kommand
us. 32 Just as E kommand, wi go cross go Kanaan land go fight, so dat wi
go get awa propaty for Jordan River east."

### *How Moses Divide Di Land*

33 So Moses give Gad, Reuben and half for Josef first-born Manasseh
tribe, all di aria wey bi Amor king, Sihon own and e still give dem king Og
for Bashan own, plus di towns and kountries wey dey round dem. 34 Gad
pipol kon ribuild Dibon, Atarot, Aroer, 35 Atrot Shofan, Jazer, Jogbehah,
36 Bet-Nimrah and Bet-Haran as strong towns, den dem make house for dia
animals. 37 Reuben pipol kon ribuild Heshbon, Elealeh, Kiriataim, 38 Nebo,
Baal-Meon (dem kon shange di name) and Sibmah. Di towns wey dem
build, dem kon give dem new names.

39 Makir wey Manasseh born, en shidren go Gilead, drive Amor pipol
wey dey stay der kon take di land. 40 So Moses give Gilead to Makir, wey
Manasseh born and e kon dey stay der. 41 Naw, Jair wey Manasseh born
kon go attack and take some small village and e name dem Havvot-Jair.
42 Den Nobah go attack and take Kenat and en village kon give dem en
name, Nobah.

# 33

*Journey From Egypt To Sinai*

1 Dis na di place dem wey Israel pipol travel go, afta dem komot from
Egypt akordin to dia tribe, just as Moses and Aaron kommand dem.
2 Akordin to God kommand, Moses kon rite di names of each place wey
dem stay.

3 Israel pipol komot from Egypt for di fifteent day for di first mont
wey bi di day afta di Passova. For Egypt pipol present, dem kon komot
from Rameses town and God guide dem. 4 Naw, Egypt pipol beri all dia
first-born pikin wey God kill and God still ponish dia juju.

5 Israel pipol travel from Rameses go Sukkot.

6 From Sukkot, dem go Etam wey dey klose to di wildaness.

7 Dem travel from Etam go Pi Hahirot wey dey before Baal-Zefon and dem kon stay near Migdol.

8 From Pi Hahirot dem travel pass di middle sea go di wildaness kon use three days travel go Etam Wildaness for Marah.

9 Dem travel from Marah go Elim; twelf wota fountain and seventy palm tree dey for Elim, so dem kon stay der.

10 Dem travel from Elim go stay near di Red Sea.

11 Den from di Red Sea, dem travel go Zin Wildaness.

12 From Zin Wildaness, dem go Dofkah.

13 And from Dofkah, dem travel go Alush.

14 Dem komot from Alush kon travel go Refidim, where wota nor dey for di pipol to drink

15 and from Refidim, dem kon go Sinai Wildaness.

*Waka For Di Wildaness*

16 Dem travel from Sinai Wildaness go stay Kibrot Hattaavah.

17 From Kibrot Hattaavah, dem kon go Hazerot and

18 from Hazerot, dem travel go stay Ritmah. 19 From Ritmah, dem
travel go Rimon-Perez. 20 Dem travel from Rimon-Perez go Libnah.
21 From Libnah, dem kon travel go Rissah. 22 Dem travel from Rissah
go Kehelatah. 23 Den dem kon travel from Kehelatah go Mount Shefa.
24 Dem travel from Mount Shefa go Haradah. 25 From Haradah, dem
kon travel go Makhelot. 26 Dem travel from Makhelot go Tahat. 27 From
Tahat, dem kon go Terah. 28 Dem travel from Terah go Mitcah. 29 And
from Mitcah, dem travel go Hashmonah. 30 Dem travel from Hashmonah
go Moserot 31 kon from Moserot go Bene Jaakan. 32 Dem travel from Bene
Jaakan go Hor Haggidgad 33 kon travel from Hor Haggidgad go Jotbatah.
34 Dem travel from Jotbatah go Abrona. 35 From Abrona, dem kon go
Ezion-Geber. 36 Dem travel from Ezion-Geber go Zin Wildaness, wey bi
Kadesh.

*From Kadesh To Moab*

37 Dem travel from Kadesh go Mount Hor wey dey near Edom. 38 Aaron
di priest klimb Mount Hor akordin to God kommand and e die for der for
di nomba forty years wey Israel pipol komot from Egypt land for di first
day for di fift mont. 39 Naw Aaron na one hundred and twenty-three years
wen e die for Mount Hor. 40 Arad and Kanaan pipol kings wey dey stay
for di sout-side for di land wey dey Kanaan kon hear sey Israel pipol dey

kom. 41 Dem travel from Mount Hor go Zalmonah. 42 From Zalmonah,
dem travel go Punon 43 and from Punon, dem kon go Obot. 44 Dem travel
from Obot go Iye-Abiram, wey dey near Moab. 45 Dem travel from Lim
go Dibon 46 kon from der travel go Almon-Diblataim. 47 Dem travel from
Almon-Diblataim go Abarim Mountin before Nebo. 48 Dem from Abarim
Mountin go Moab plain land near Jordan River for where dem dey cross
go Jeriko. 49 Dem kon stay for Jordan River, from Bet-Jeshimot go rish
Abel-Shittim for Moab.

*Kanaan Borda*

50 God tell Moses for Moab near Jordan River wey dey di oda side for
Jeriko: 51 "Make yu tell Israel pipol sey, 'Wen una don cross komot from
Jordan River go Kanaan land, 52 una must drive all di pipol wey dey stay
di land komot. Make una distroy all dia juju wey dem make with stone or
iron and all di place where dem for dey woship di juju. 53 Una must drive
all di pipol wey dey stay der komot kon stay for di land, bikos I don gi-am
to una. 54 Make una divide di land akordin to di tribe and family wey dey
among una. Make una give big propaty to di family wey plenty and small
propaty to di family wey nor plenty. 55 But if una nor drive di pipol komot,
den dem go dey give una problem and dem go trobol una for di land. 56 If
una nor drive dem komot, I go distroy una, just as I plan to distroy dem.'
"

# 34

*Di Land Borda For Sout*

1 Den God tell Moses: 2 "Make yu tell Israel pipol sey: 'Wen una enter
Kanaan land and evriwhere wey I promise to go give una; 3 den di borda
for sout go start from Zin Wildaness go rish di borda for Edom. Una
sout borda go face east go rish di Salt Sea. 4 Den e go turn from sout
go Akrabbim kon kontinue go Zin till e rish Kadesh Barnea. E go-go nort-
west to Hazar Addar and Azmon, 5 where e go for turn face di valley wey
dey Egypt borda and Mediterranean Sea.

*Di Land Borda For West*

6 " 'Di borda for west go bi di Mediterranean Sea.

*Di Land Borda For Nort*

7 " 'Dis go bi una borda for nort: Una go draw line from Mediterranean
Sea go Mount Hor 8 and from der, una go draw anoda line go Lebo-Hamat.
E go kontinue from der go Zedad. 9 Di borda go kontinue rish Zifron kon
end for Hazar-Enan. Dis go bi una nort borda.

*Di Land Borda For East*

10 " 'For di borda for east: Una go draw line from Hazar-Enan go Shefam.
11 Di borda go from Shefam go Riblah for di east side for Ain and for
Chinneret Sea. 12 Den e go-go Jordan River go rish di Salt Sea.' Dis go bi di
four borda for una land." 13 So Moses tell Israel pipol, "Dis na di land wey
una go get thru dice wey dem trow. God don give di land to di nine and
half tribes. 14 Bikos Reuben, Gad and half for Manasseh tribe wey kom
from east, don get dia propaty 15 for di east side for Jordan River near
Jeriko."

### *Moses Choose Ofisas*

16 God tell Moses, 17 "Eleazar di priest and Joshua wey Nun born go
divide di land for di pipol. 18 So make yu take one leader from each tribe,
so dat dem go help divide am too. 19 Di men wey Moses pick from each
tribe, na dia names bi dis: from Judah tribe, e pick Kaleb wey Jefunneh
born; 20 from Simeon tribe, e pick Shemuel wey Ammihud born; 21 from
Benjamin tribe, e pick Elidad wey Kislon born; 22 from Dan tribe, e pick
Bukki wey Jogli born; 23 from Josef tribe, e pick Hanniel wey Efod born
and na leader for Manasseh tribe; 24 from Efraim tribe, e pick Kemuel
wey Shiftan born; 25 from Zebulun tribe, e pick Elizafan wey Parnak born;
26 from Issakar tribe, e pick Paltiel wey Azzan born; 27 from Asher tribe, e
pick Ahihud wey Shelomi born; 28 from Naftali tribe, e pick Pedahel wey
Ammihud born." 29 Dis na di ones wey God kommand to divide di propaty
among Israel pipol wey dey Kanaan land.

## 35

### *Levi Town*

1 Den God tell Moses for Moab opposite Jordan River near Jeriko: 2 "Make
yu tell Israel pipol sey, 'From among una propaty, make una give Levi pipol
di towns wey dem go stay. Una must give Levi pipol land wey get grass
near di towns. 3 So dat dem go get town wey dem go stay and dia grassland
go bi for dia kattle and all dia animals.'
4 "Di grassland wey dey near di town wey una go give Levi pipol go long
rish five hundred yard from di wall for di town. 5 Una must measure 1,000
yard from outside di wall for di town wey dey di east kon measure 1,000
yard from di sout-side and 1,000 yard from di west; di nort go bi 1,000
yard and all di towns go dey di middle. Dis aria must bi dia grassland for
di town.
6 "Naw, from dis towns wey una give Levi pipol, una must choose six
towns wey dey save wey pesin wey kill somebody go fit hide put. And una
must give dem anoda forty-two towns 7 with dia grassland. So di whole
land go bi forty-eight. 8 Dis towns must bi Israel pipol own. Di tribes wey
big go give more land to Levi pipol, while di small tribes go give small land
to Levi pipol. Each tribe go give Levi pipol akordin to di propaty wey dem
get."

### *Di Town*

9 God tell Moses: 10 "Make yu tell Israel pipol sey: 'Wen dem don cross
Jordan River enter Kanaan land, 11 dem go choose save towns wey pesin
wey kill somebody by mistake go fit run go hide. 12 E go dey save for der
from di family wey e kill dia pikin. Anybody wey kill pesin, dem must
hear from am first before una go kill-am. 13 Make una choose six towns,
14 three for Jordan River east and three for Kanaan land. 15 Dis towns go
dey save for Israel pipol and for di strenjas wey dey stay with una for naw
or forever. Anybody wey kill pesin by mistake go fit run go hide for one
of dis towns.
16 " 'But if e use iron take nak pesin die, e must die too, bikos e kill pesin.
17 If na big stone e take kill di pesin, e must die too, bikos e kill pesin. 18 Or
if na wood e take kill di pesin, e must die, bikos e kill pesin. 19 Di pesin
wey dem kill, en family memba go take revensh. Anytime wey e si di pesin

wey kill en broda, e fit kill-am. 20 If anybody hate somebody kon push di
pesin or use sometin take stone di pesin die 21 or e nak di pesin die, e must
die too, bikos e kill pesin. Di family memba go take revensh. Anytime wey
dem si di pesin wey kill dia broda, dem go kill-am too.
22 " 'But if na by mistake pesin take kill somebody, weda e push or
stone am 23 or nak who nor bi en enemy by mistake, 24 for dis kind kase,
di kommunity go judge between di pesin wey kill and di one wey won
revensh. 25 Di kommunity go protet di pesin wey kill from doz wey won
kill-am and dem must allow am go di save town until di High Priest don
die.
26 " 'If di pesin wey kill pesin komot from di save town wey e hide put
27 and if dem kill-am, den who kill-am nor go dey guilty. 28 Di pesin wey
kill pesin must stay for di save town until di High Priest go die, afta dis, e
go fit go house back.
29 " 'Una and una shidren go obey dis law for anywhere wey una dey.
30 " 'Anybody wey dem akuiz sey e kill pesin go dey guilty, dem go fit
kill-am, if two or more pipol bear witness sey na true. But if na only one
pesin tok against am, den dat one nor rish to kill-am.
31 " 'Dem must kill di pesin wey kill anoda pesin; e nor go fit run from
wetin e do.
32 " 'If somebody go hide for di save town, make una nor allow am pay
any money to take go house back, until di High Priest die.
33 " 'If una do like dat, una go spoil di land where una dey stay. Di pesin
wey kill pesin dey spoil di land and unless dem kill-am, dem nor go fit
klean di land where dem for kill pesin. 34 Israel pipol, make una nor spoil
di land wey I dey give una, bikos na mi bi God and I dey stay among una.'
"

# 36

### *Wimen And Land Propaty*

1 Doz wey dey lead Ramot tribe, wey Makir born and Manasseh wey
Josef born, en grand-shidren kon go meet Moses and di oda leaders 2 sey,
"God don kommand una make una trow dice take share di land give Israel
pipol. E still kommand una make una give Zelofehad awa broda propaty
to en dotas. 3 But make una remember sey, if dem marry from anoda tribe,
dia propaty go kon bi dat tribe own and di total propaty wey go kon bi
awa own, go kon small. 4 And wen Israel pipol won do dia Jubili, all di
propaty wey dem don sell before, dem go give dem to di original owner
kon add di propaty join Zelofehad dotas and na di oda tribe go get am. So
dia propaty nor go kon join awa tribe propaty."

### *Moses Decision*

5 As God kommand, Moses kon tell Israel pipol sey, "Wetin Manasseh
tribe tok, dey rite, 6 so God sey di dotas wey Zelofehad born fit marry
anybody wey dem won, but na only from dia own tribe. 7 Like dis, Israel
propaty go still dey for dia tribe. 8 Any woman wey dem share propaty
rish from Israel tribe, must marry man wey kom from dat tribe. Like dis,
all Israel pipol go get dia papa propaty. 9 No propaty go komot from one
tribe go anoda tribe. But evry one for di tribe for Israel go get en own
propaty."

10 As God kommand Moses, na so Zelofehad dotas do. 11 Di dotas wey
Zelofehad born na: Mahlah, Tirzah, Hoglah, Milka and Noah. All of dem
marry dia papa broda shidren. 12 Dem kon marry from Manasseh wey
Josef born tribe and dia propaty kon remain for dia papa tribe.
13 Dis na di rule and laws wey God give Israel pipol thru Moses for Moab
land opposite Jordan River for Jeriko.

# Deutronomi
## Introdushon

Dis book rikord all di great words wey Moses tok before e die. E tok to Israel pipol wey grow for di wildaness jos as dem dey prepare to enter Kanaan land. God won use di land wey E promise en pipol, take show how di new life wey en dey give wen E bless yu, bi. Di main form for dis kovenant na dis five tins wey bi:

Na name and title dem take dey know great ruler

Dem dey tok about di story and all di strong tins wey di great ruler do.

Di work and duties wey di ruler savants go do, dem rite dem down.

Di blessing to obey di agriment and di kos to break am, dem rite dem down too

Dem rite how Israel shidren-shidren go take dey follow and obey di kovenant.

Dis book really follow dis tins well-well. Pipol si Moses as pesin wey dey ripresent di Great King wey bi Israel God: di One wey dem nor fit forget about all di wonderful tins wey E do for en pipol. Moses remind dem to respet dia king kon rite dia duties for groun. E still kol di pipol to swear sey dem go always dey obey di kommandments. Afta e tok who go lead afta am, e klimb one mountin go look di land wey God promise dem and na for der e for die. Israel pipol stand face di land wey dem go bi dia own, di new creashon and life wey God promise dem.

*Introdushon*

1 Dis na wetin Moses tell Israel pipol for di wildaness for Jordan River
near Arabah opposite Suf, between Paran and Tofell, Laban, Hazerot and
Dizahab. 2 Na eleven days journey e suppose bi from Horeb to Kadesh
Barnea wen dem pass thru Mount Seir.

3 Forty years afta Israel pipol don komot Egypt, for di first day for di
elevent mont, Moses kon tell Israel pipol evritin wey God kommand am.
4 Dis tin happen for Edrei, afta dem win King Sihon for Amor, wey en soja
oga na Heshbon and King Og for Bashan wey en sojas oga na Ashtarot.

5 So, wen Israel pipol dey for Moab land wey dey Jordan River, na der
Moses for tell dem dis law:

*Wetin Happen For Horeb*

6 Oga God tok to us for Horeb sey, "Una don too tey for dis mountin. 7 So
make una get up kon kontinue una journey go Amor kountries for di hill;
all di arias wey dey near der, di high lands, di Shefelah, di Negev, all di
lowland, Kanaan and Lebanon, still e rish di great River Eufrates. 8 Look!
I don already give di land to una. So make una go kollect di land wey mi
God promise to give una grand-grand papa Abraham, Isaak, Jakob and dia
shidren."

9 Moses still sey, "For dat time, I sey, 'Una wahala too mush for only mi.
10 God don make una many well-well like stars for sky! 11 So make God wey
bi una grand-grand papa God bless una well-well, just as E promise! 12 But
una wahala too mush to bear! How I wont take handle all una wahala
and trobols? 13 Make una choose some men from each tribe wey wise, get
wisdom and I go make dem una leaders.'

[14] "Den una sey, 'Wetin yu tell us so, dey good well-well.'
[15] "So I take di men wey una selet by unasef kon make dem judge and
ofisas ova una. Some dey lead 1,000 pipol, some hundred, some fifty, while
some na only ten pipol. [16] For dat time, I tell di judge dem sey, 'Una must
listin to una pipol and doz wey bi strenjas, den make una judge well.
[17] Make una nor favor anybody and na as una take listin to rish man kase,
na so too una go take listin to poor man own. Make una nor fear anybody,
bikos na God dey judge evribody. Any kase wey una nor fit judge, make
una bring am kom meet mi.' "

## *Message For Kadesh Barnea*

[18] For dat time, I kommand una about all di tins wey una go do. [19] Den
just as God kommand us, wi komot from Mount Horeb kon travel pass di
great wildaness wey dey make pesin fear, just as unasef go remember, den
wi face Amor pipol kountries. Wen wi rish Kadesh Barnea, [20] I kon sey,
"At last wi don rish Amor pipol kountry wey di Oga awa God don give us.
[21] Si! E don put di land for una front. So make una go take am, just as God
promise una. Make una nor fear anytin! Make una heart strong!
[22] "So all of una waka kom meet mi sey, 'Make wi first send some men
go si di land, so dat dem go kom back kon tell us as e bi. Dem go tell us di
best way or town wey wi go take enter and attack di kountry.'
[23] "I tink sey wetin una tok dey good, so I kon choose twelf men, one
form each tribes. [24] Dem go di hill kountry until dem rish Eshkol Valley
kon look am well-well. [25] Dem pick some fruits for der kon meet us. Dem
sey, 'Di land wey awa Oga God don give us, good well-well.' "

## *Israel Pipol Disobey God*

[26] Una nor ready to go, instead una kon dey tok against di Oga awa God
kommand. [27] Una dey komplain for korna sey, "Na bikos God hate us na-
im make am take us komot Egypt, so dat Amor pipol go distroy us! [28] Na
wetin go happen to us? Awa own brodas don make us dey fear, bikos dem
sey, 'Di pipol wey dey di land big well-well pass us; dia kountry dey big
and dem fence am rish heaven. Wi still si Anak shidren-shidren for der
too.' "
[29] So I ansa una sey, "Make una nor fear dem at-all! [30] Di Oga una God
go first go fight for una, just as una si evritin wey E do for Egypt [31] and for
di wildaness where E for karry us like man wey dey karry en pikin. Na
like dis E dey do for evriwhere wey una go until una rish dis place."
[32] But even afta evritin wey E do, una nor gri trust di Oga wey bi una
God, [33] di Pesin wey dey always go find betta place for una, even before
una rish der. E dey appear to una thru fire for nite and inside kloud for
day time, so dat E go show una di way wey una go-go.

## *Judgement For Kadesh Barnea*

[34] Wen God hear as una dey komplain, E vex well-well kon swear sey:
[35] "Nobody for dis una wiked generashon nor go si or enter di good land
wey I promise una grand-grand papa dem! [36] Di only pesin wey I go allow
na Kaleb, Jefunneh pikin wey follow di odas go shek di land and na wetin
God wont make e do, na-im e do. I go give en and en shidren-shidren some
part for di land wey e bin go look."

37 And God sef still vex for mi, bikos of una. E tell mi sey, “Even yu,
Moses nor go enter di land wey I promise una! 38 But na Nun pikin Joshua
wey dey assist yu go enter. So make Yu enkourage am, bikos na en go lead
Israel pipol enter di land. 39 Una shidren wey una feel sey go die for road,
di ones wey nor know good from bad, na dem I go give di land to. I go
give dem di land and e go bi dia own forever. 40 But una go turn back go
di wildaness towards di Red Sea.”

### *Kanaan War*

41 Den una ansa mi, “Wi don really sin against God. Naw, wi dey ready
to fight doz pipol, just as awa Oga God don kommand.” So each of una
wear una war klot kon ready to go fight.

42 But God tell mi, “Make yu tell di pipol sey, ‘Make una nor go fight,
bikos I nor go dey with una and una enemies go kill una well-well.’ ”

43 I tell una, but una nor gri listin. Instead una go against God kommand
kon go fight. 44 Amor pipol wey dey stay dat aria kom fight and porshu
una, just as wiked bee dey do and dem kill una from Seir go rish Hormah.
45 Den wen una kom back, una kom dey kry for God present, but God nor
listin to una at-all. 46 Bikos of dis, una kon stay for Kadesh tey well-well.

# 2

### *Israel Pipol Journey*

1 Den wi turn kon travel pass di wildaness go di Red Sea, just as God
kommand mi and wi kon dey waka anyhow round Mount Seir for many
days.

2 At last, God kon tell mi, 3 “Una don too waka round dis mountin, so
make una turn face nort. 4 Make yu give dis kommand to di pipol: ‘Una
go soon cross una pipol Edom kountry, wey una broda Esau bi dia grand-
grand papa and dem dey stay for Seir. Edom pipol go dey fear una so
make una dey kareful. 5 Make una nor borda dem at-all, bikos I nor go
give una any of dia land, bikos na di whole Mount Seir land I give Esau dia
grand-grand papa. 6 Una fit buy food chop from dem and wota to drink
from dem too.

7 “ ‘Di Oga wey bi una God don bless una for evritin wey una dey do.
Evry step wey una take for di great wildaness, I dey with una. For dis forty
years wey una dey dis wildaness, God dey with una and una get evritin.’
”

8 So wi nor kon follow Edom, Esau pipol kountry wey dey for Mount Seir.
Wi nor pass thru Arabah Valley wey kom from Elat and Ezion-Geber, but
wi travel pass Moab dirty land.

9 Den God tell mi, “Make una nor let Moab pipol wey bi Lot shidren-
shidren vex. Make una nor kause wetin go make dem won fight una,
bikos I nor go give una any of dia land, bikos I don give Ar to Lot shidren-
shidren.

10 “(Emim pipol dey stay der before; pipol wey get betta pawa many well-
well for der and dem tall like Anak pipol. 11 Na Refah and Anak dem still
dey koll dis pipol; but Moab pipol dey koll dem Emim. 12 Before-before,
na Hor pipol dey stay for Seir, but Esau shidren-shidren drive and distroy
dem, den kon stay der, just as Israel pipol do to di land wey dem take and
na God give dem dis land.)”

[13] God sey, "Naw, make una cross go River Zered." So wi kon do as E
tok.
[14] Na thirty-eight years e take us to cross from Kadesh Barnea go River
Zered and dat time, all di sojas for dat generashon die finish, just as God
tell dem. [15] True-true, na God kill all of dem finish with en own hand for
di kamp.

*Israel Pipol Travel Pass Ammon*

[16] So wen all di sojas don die finish among di pipol, [17] God kon tell mi,
[18] "Today, una go cross pass Moab pipol borda wey bi Ar land. [19] But wen
una don near Ammon pipol, make una nor let dem vex won kon fight una,
bikos I nor go give una any of dia land; bikos I don already gi-am to Lot
shidren-shidren.
[20] "(Before-before, dem sey na Refah pipol dey stay der. Na Refah pipol
really dey stay der; Ammon pipol dey koll dem Zamzum. [21] Dem strong;
many well-well and dem tall like Anak pipol. But God distroy Refah pipol,
bikos of Ammon pipol, so dat dem go fit stay for der. [22] Dis na wetin E do
for Esau shidren-shidren for Seir, wen E distroy Hor pipol, so dat dem go
fit stay for der till today. [23] But for Avvim pipol wey kom form Krete and
dey stay di west side for Gaza and Kaftor pipol aria, make una distroy and
take dia land.)
[24] "So make una cross go River Arnon. Si! I don already give una Sihon
wey bi Amor king for Heshbon and all en land. So make una go fight and
take di land from am! [25] From today, evribody wey dey di world, I go put
fear for dia mind, bikos of una and even wen dem hear una name, fear
go katch dem. Dem go fear nearly die wen dem hear sey una dey kom."

*Israel Pipol And Sihon*

[26] So I send messenja from Kedemot wildaness go meet King Sihon for
Heshbon with peace sey: [27] "Make wi pass thru yor land and wi nor go
tosh or take anytin from am; wi nor go even turn rite or left. [28] Yu go sell
food and wota give us, so dat wi go chop and drink. Make yu just allow
us waka pass, [29] just as Esau shidren-shidren wey dey stay Seir and Moab
pipol wey dey stay for Ar allow us pass. Make wi just pass until wi go cross
Jordan River go rish di land wey di Oga awa God dey give us." [30] But King
Sihon for Heshbon nor gri, bikos na so God wont make e bi, so dat E go fit
give di land to us today.
[31] God tell mi sey, "Si! I don already give una King Sihon and en land.
So make una take di land as una own."
[32] Wen King Sihon and all en sojas gada kon fight us for Jahaz, [33] di Oga
awa God put dem for awa hand and wi kill dem, plus dia sons and evry
oda pesin. [34] For dat time, wi take all di towns kon judge di pipol as God
wont am, plus di wimen and shidren, den wi kon kill all of dem. [35] But
wi keep di animals for awasef. [36] From Aroer wey dey River Arnon korna
(River town), go rish Gilead, e nor get any town wey fit fight us. Di Oga
awa God give us all doz towns. [37] Aldo wi nor go Ammon pipol land, River
Jabbok, di town for di hill or any place wey God sey make wi nor go.

# 3

*King Og For Bashan*

1 Den wi turn kon dey go Bashan and King Og for Bashan kon gada en
sojas kom fight us for Edrei. 2 But God tell mi, “Make una nor fear, bikos I
don give una viktory ova King Og and all en sojas and I go give una all en
land. Make una do to am, just as una do to King Sihon for Heshbon town
inside Amor.”

3 So God make us win King Og for Bashan and all en sojas, den wi kill
dem finish. 4 For dat time, wi kollect all di towns wey e get. E nor get any
town wey wi nor take from dem. Wi take sixty towns and all di aria for
Argob wey bi Bashan main kingdom. 5 Dem guide all dis towns with high
walls, big gates kon lock dem with betta iron key and dem still get many
village. 6 Wi judge dem well, both wimen and shidren, just as wi judge
King Sihon for Heshbon. 7 But wi keep all di animal and evry oda tin wey
wi karry from di town.

8 So for dat time, wi take di two king for Amor land for (Trans-Jordan) go
rish River Arnon and Mount Hermon 9 (Sidon pipol dey koll am Hermon
Sirion, why Amor pipol dey koll am Senir), 10 all di towns wey dey di high
lands, all di lands for Gilead and Bashan go rish Salekah and Edrei, di
towns wey bi King Og for Bashan, own. 11 For all Refah pipol, na only
King Og for Bashan remain. (Na iron dem take make en bed and e still
dey for Rabbah wey dey Ammon. Akordin to how dem dey measure, di
bed long rish thirteen and half fit and e wide rish six fit.)

### *Dem Divide Di Land*

12 Dis na di land wey wi kollect den: Di aria from Aroer go River Arnon
and half for Gilead hill kountries with dia towns, I give dem to Reuben and
Gad tribe. 13 Di remainin one for Gilead and di land for Bashan and King
Og kingdom, I give dem to half for Manasseh tribe. (All di aria for Argob,
dat is, all Bashan wey dem dey koll Refah land. 14 Manasseh pikin, Jair
take Argob aria go rish Geshur and Maakat pipol borda (wey bi Bashan),
den e shange di town name to en name. And na Havvot-Jair dem dey koll
am till today.) 15 I give Gilead to Makir. 16 Di aria from Gilead go rish River
Arnon (Di main centre) go rish River Jabbok, wey dey Ammon pipol borda,
I still give dem to Reuben and Gad tribe. 17 Arabah and Jordan River na
still borda for Kinneret Sea go rish Arabah Sea (dat is, di Salt Sea), under
di low land for Pisgah go rish di east.

18 For dat time, I tell dem sey: “Di Oga wey bi una God don give una dis
land as una own. Una sojas wey don ready for war go cross first, before
Israel pipol go follow for back. 19 But una wifes, shidren and animals
(Bikos I know sey dem many), make dem stay for di towns wey I give una.
20 Una must fight until God make una pipol win, just as E do for una and
dem go kollect di land wey God give dem for di oda side for Jordan River.
Den una fit go back to una own land wey I don give una.”

21 I still kommand Joshua sey, “Yu don si evritin wey di Oga yor God do
to doz two kings; E go still do di same tin to all di kingdoms wey yu go-go.
22 So make una nor fear, bikos di Oga una God go fight for una by ensef.”

### *Moses And Di Promise Land*

23 So for dat time, I beg God, 24 “My Oga God, yu don start to show mi
yor pawa and how Yu strong rish. (Na wish god for heaven or eart go fit
do wetin Yu dey do so?) 25 Abeg make Yu let mi cross with Israel pipol, so

dat I go si di land wey Yu promise awa grand-grand papa dem for di oda side for Jordan River, wey get betta kountries for di hill and Lebanon!"
26 But God vex for mi, bikos of una and E nor gri listin to mi. Instead, E
tell mi, "E don do! Make yu nor tok to mi about dat matter again! 27 But
klimb go Pisgah and make yu look di east, nort, sout and west well-well,
bikos I nor go let yu cross Jordan River. 28 But yu go make Joshua di leader
kon enkourage am, bikos na-im go take dis pipol cross kon make dem get
di land wey yu go si." 29 So wi stay for Bet-Peor Valley.

# 4

### *Make Una Dey Obey*

1 Israel pipol, make una listin to di rules and law wey I won tish una naw.
Make una obey dis law, so dat una go get betta life kon enter and stay di
land wey awa grand-grand papa God promise sey E go give us. 2 Make
una nor add join or remove from dis kommand wey I dey give una. Make
una just obey di Oga una God kommand wey I dey give una. 3 All of una
si wetin God do for Baal-Peor. How E distroy di pipol wey serve juju for
der. 4 But all of una wey dey faithful to God still dey alive till today. 5 Si!
I don tish una di rules and law, just as God tell mi, so dat una go dey do
dem for di land wey una won enter go stay. 6 So make una dey sure sey
una dey do dem, bikos dis tins go show how una get sense rish among di
pipol wey go hear am and dem go sey, "True-true, dis great kountry get
pipol wey wise well-well." 7 In-short, e nor get any oda kountry wey dia
gods dey klose to dem like di Oga awa God wey dey ansa wen ever wi koll
am. 8 Na wish oda great kountry get rules and law like di ones wey I tell
una today?
9 But make una look well! Make una dey kareful, so dat una nor go
forget wetin una don take una eyes si. As long as una dey life, make una
nor let dis tins komot from una mind! Make una make sure sey una tell
una shidren and grand-shidren about dis tins. 10 Make una nor forget di
day wey una stand before di Oga una God for Mount Horeb where E for tell
mi sey, "Gada all di pipol kom meet mi, so dat I go tell dem my kommand.
Den dem go learn to dey fear mi as long as dem dey alive and dem go tish
dia shidren to dey fear mi too." 11 Una waka kom stand near di mountin as
di smoke from di mountin dey shot enter sky, but di mountin dark, bikos
of di tick kloud. 12 Den God tok to una from inside di fire. Una hear pesin
dey tok, but una nor si anytin. 13 E give una en kovenant. E kommand
sey make una dey obey di ten kommandment wey dem rite for two stone.
14 Na den God kommand mi sey, make I tish una dis rules and law, so dat
una go obey dem for di land wey una won enter go stay.

### *As Israel God Bi*

15 But make una dey kareful, bikos una nor know as God bi even wen E
dey tok to una for Mount Sinai from inside di fire. 16 I dey tok like dis, so
dat una nor go make juju kon kause wahala for unasef. Dis mean sey weda
di juju bi like man or woman, 17 any animal, bird wey dey fly, 18 anytin wey
dey crawl for groun or any fish for wota. 19 Wen una look di sky kon si di
sun, moon and stars and as evritin bi for heaven, make una nor let anytin
move una to woship or serve dem, bikos di Oga una God don give dem to
di pipol for di eart. 20 Make una remember sey di Oga wey bi una God,

save and take una komot from Egypt, so dat una go bi en own pipol wey E
go guide and na so una bi till today. 21 But God dey vex for mi, bikos of una
and E swear sey I nor go ever cross Jordan River or enter di good land wey
E go soon give us. 22 So I must die for dis land; I nor go cross Jordan River.
But una go cross ova kon take di land wey God promise us. 23 So make
una dey kareful, so dat una nor go break di kovenant wey una make with
di Oga una God. Make una nor make any juju for unasef, bikos una God
nor like am. 24 Di Oga una God na strong fire wey dey burn anytin and
E dey jealous well-well. 25 Afta una don born shidren and grand-shidren
and una don tey for di land well-well, if una spoil unasef kon make juju
and do yeye tins wey go make una Oga God vex, 26 I koll heaven and eart
as witness today against una. If una break di kommand wey God give una
thru mi, una go die for di land wey una won cross Jordan River enter.
Una go stay der small; den God go distroy una finish. 27 God go skata una
among di pipol and una nor go many for di kountries wey God go drive
una go. 28 For der, una go woship gods wey pesin take hand make; wood
and stones wey nor go ever fit si, hear, chop or smell. 29 But if una turn
to God from der, E go kom help una, dat na if una really turn kom meet
am with all una heart and soul. 30 For dat time, wen una dey trobol and
all dis tins don happen to una, una go turn kom meet di Oga una God kon
obey all en kommand 31 (bikos E dey sorry for pipol), E nor go let una fall
or distroy una, bikos E nor fit forget di kovenant wey E make with una
grand-grand papa dem.

### *Si As God Good Rish*

32 True-true, make una look as e bi before, from di time wey God kreate
pipol for dis eart kon rish naw and una look from where di heaven start
go rish di end, anytin wey dey great like dis don ever happen or sey pipol
si am before? 33 Any kountry don ever hear God vois dey tok to dem from
inside fire as una hear kon survive to tell pipol about am? 34 Or God don
ever try to diliver one kountry from anoda kountry with judgement, signs,
wonders, war, strent, pawa or any oda tin wey dey make pesin fear like di
ones wey God do for Egypt for una own eyes? 35 E show una dis tins, so
dat una go know sey na di Oga God bi God and no oda pesin or tin, big rish
am. 36 E let una hear en vois from heaven, so dat E go fit tell una wetin
una go do. E make una si en great fire for eart here, so dat E go tok to
una from der. 37 Bikos E love una grand-grand papa, E kon choose to bless
dia shidren-shidren and na en own hand E take komot una from Egypt
with all di wonders wey E do. 38 E porshu kountries wey strong pass una
komot from dia land, so dat una go fit take di land kon stay der forever.
39 So make una remember dis tins kon keep am well for una heart: Na di
Oga God bi God, both for heaven and for eart and know oda god, dey. 40 If
una obey all di laws and kommand wey I dey give una today, e go betta
for una and una shidren. I dey give una dis kommand, so dat una go get
long life for di land wey di Oga una God dey give una forever.

### *Town For Jordan River*

41 Den Moses selet three town for Jordan River east. 42 Anybody wey by
mistake kill pesin wen e bi sey dem nor get wahala or kworel before, fit
run go one for dis towns and e go dey save. 43 Dis towns na: Beza wey

dey di wildaness high land for Reuben tribe; Ramot for Gilead wey bi Gad
tribe own and Golan for Bashan wey bi Manasseh tribe own.

### *Di Kovenant*

44 Dis na di law wey Moses give Israel pipol. 45 All dis na di law, rules
and kommand wey Moses tell Israel pipol afta e don lead dem komot from
Egypt 46 and as dem dey kamp for di valley near Bet-Peor wey dey east
for Jordan River. (Amor pipol wey dia king bi Sihon wey bin rule form
Heshbon, na dem get dis place before. But Moses and Israel pipol kom
from Egypt kon distroy di king and en pipol. 47 Israel pipol take di land
and King Og for Bashan own too and na di two kings for Amor get am.
48 So Israel pipol take all di aria wey dey for Aroer near Arnon Gorge go
rish Mount Sion, wey dem still dey koll Mount Hermon. 49 Israel pipol still
win all di wotaside for Jordan River east go rish di sout for di Deat Sea,
under Pisgah aria.)

# 5

### *Di Kovenant For Mount Sinai*

1 Den Moses koll Israel pipol kon sey:
"Make una listin well-well to all di law and rules wey I dey give una
today, so dat una go learn and obey dem! 2 Di Oga awa God make kovenant
with us for Mount Sinai. 3 E nor make dis kovenant with awa grand-grand
papa dem, but na with all of us wey dey alive today. 4 God tok to us face-
to-face for di mountin from inside fire. 5 (Dat time I stand between God
and una, so dat I go tell una God message, bikos una dey fear di fire, so
una nor fit klimb di mountin.)"

### *Di Ten Kommandment*

6 God sey, "Na mi bi di Oga wey bi una God, di One wey take una komot
from Egypt where una for bi slave.
7 Make una nor serve any oda god escept mi.
8 Make una nor make any juju with anytin wey dey heaven; eart or for
inside wota. 9 Make una nor woship or serve dem, bikos mi wey bi
una God dey jealous well-well. I go ponish una shidren and shidren-
shidren for di sin wey dia papa kommit, 10 but I go show my mesi thru
di kovenant to doz wey choose, obey and keep my kommand.
11 Make una nor use di Oga una God name take make yeye, bikos God
nor go sorry for anybody wey use en name anyhow.
12 Una must obey di Sabat Day, just as di Oga una God kommand una.
13 Una fit work and do evritin wey una won do for six days, 14 but for
di sevent day, una must nor do any work. Dis mean sey, both unasef,
una shidren, una savants, una animals or di strenjas wey dey with
una, evribody must rest for dat day. 15 Remember sey una bi savant
for Egypt and na di Oga una God take una komot der with en strong
pawa. Na dis make God sey make una dey keep di Sabat Day.
16 Make una honor una papa and mama, just as di Oga una God don
kommand una, so dat una go get long life and e go dey well with una
for di land wey E won give una.
17 Make una nor kill.
18 Make una nor sleep with who nor bi una husband or wife.
19 Make una nor tif.

20 Make una nor lie for pesin head.
21 Make una nor dey like anoda pesin wife or husband, or sey yu like to take pesin house, land, savants, animal or any oda tin."

*Sinai Vishon*

22 God tell una dis tins from inside di fire as una gada for di mountin.
E shaut tok from di fire wey kloud and darkness kover. Dis na all di tins
wey E tok dat time and E rite dem for two stones kon give dem to mi.
23 But wen una hear en vois from di tick darkness as di mountin dey
katch fire, all di eldas and leaders for una tribes kom meet mi. 24 Dem kon
sey, "Di Oga awa God don show us as en glory big rish and wi don hear am
tok from inside di fire. Naw wi don know sey God fit tok to human being
and dem go still dey alive. 25 But naw, why wi go won die again? Bikos if
di Oga awa God tok to us again, den wi go really die! If wi kontinue to dey
hear awa Oga God vois, wi go die! 26 E get anybody for dis whole world
wey hear God vois from inside fire as wi hear am kon still dey alive like
us? 27 Make una go by unasef kon listin to wetin God dey tok. Den make
una kon tell us evritin wey E tell una and wi go listin and obey."
28 Wen God hear una dey tok to mi, E kon tell mi sey, "I hear wetin di
pipol tell yu and dem tok well. 29 If to sey dem go just gri fear mi and
obey all my kommand, e for dey well with dem and dia shidren-shidren
forever.
30 "So make yu go tell dem, 'Make dem go back to dia house!' 31 But
make yu nor follow dem go, yu go dey here with mi, so dat I go fit tell yu
all di kommand, rules and law wey yu go tish dem, so dat dem go dey do
dem for di land wey I go give dem."
32 So make una dey kareful kon do as di Oga una God kommand; make
una nor turn go rite or left! 33 Make una dey do just as E kommand una,
so dat una nor go die; evritin go dey well with una and una go stay long
for di land wey una dey go.

# 6

1 Dis na di kommandment, statutes and ordinances wey Oga God give
mi make I tish una and una must obey and do dem for di land where
una dey go. 2 Una go make sure sey una respet Oga God and obey all en
statutes and kommandments wey I dey give una – una, una shidren and
grand-shidren – go obey am with all una life so dat una go get long life.
3 Make una pay attenshon, Israel pipol, and dey kareful to do dis, so dat
una go stay well kon plenty more-more – as God, una papa-papa Oga tell
una and una go inherit di land where milk and honey plenty well-well.

*Di Kommandment Wey Big Pass*
*Di Kovenant Law*

4 Israel pipol! Make una listin! Di Oga na awa God and God na one! 5 So
una must love di Oga una God with all una heart, all una soul and all una
pawa.

*Make Una Tish Odas Di Kovenant*

6 Dis word wey I dey kommand una about today so, una must keep am
for una mind 7 and una must tish una shidren kon tok about am as una
sidan for house; dey waka for road; dey sleep or wen una wake-up. 8 Make

una tie dem for una hand kon wear dem for una fore head, so dat una go
dey remember dem. 9 Make una write dem for una gate and door-mot.

*Woship God*

10 Den wen di Oga una God take una enter di land wey E promise una
grand-grand papa, Abraham, Isaak and Jakob sey E go give una; di land
wey get big and fine-fine towns wey una nor build at-all 11 and house
where betta tins full, tins wey una nor buy with una hand. For di land, una
go fetch wota from well wey una nor dig and una go chop from vineyards
and olive trees wey una nor plant, 12 so make una dey kareful, so dat una
nor go forget God wey take una komot Egypt.
13 Una must fear di Oga una God kon serve am. Una must use only en
name take swear. 14 Una must nor woship any of una neighbour gods
apart from God ensef, 15 bikos di Oga una God wey dey here with una, dey
jealous well-well and en vexnashon go kill and porshu evry oda tin, until
E go distroy wiked pipol and sinnas komot from dis eart.

*Make Una Obey God*

16 Make una nor test di Oga una God, just as una do wen una dey for
Massah. 17 Make una make sure sey una dey obey dis kommand well kon
keep all di laws wey E give una. 18 Make una always dey do wetin dey rite
and good for God eye, so dat evritin go dey well with una, den una go enter
and stay for di good land wey God promise sey E go give una grand-grand
papa. 19 Just as God sey make una do, all di enemies wey dey stay der, una
go porshu dem komot.

*Remember Wetin Happen Before*

20 Tumoro wen una shidren go ask una sey, “Dis law, kommand and
rules wey di Oga awa God give us, wetin dem mean?” 21 Den una go tell
dem, “Wi bin dey Egypt as Fero slaves, but God take us komot from Egypt
with en own strong hand. 22 God do many mirakle, signs and wonders for
awa front, bikos E kause betta wahala for Egypt, Fero and en pipol. 23 E
take us komot from Egypt, so dat E go give us dis land wey E don promise
awa grand-grand papa. 24 Na di Oga awa God kommand us to obey and
fear all en kommand, so dat E go kontinue to bless and guide awa life, as
E dey do since kon rish today. 25 Wi go dey good for en eye if wi obey all
dis kommand wey di Oga awa God give us.”

# 7

*Pipol Wey God Choose*

1 Wen di Oga una God take una enter di land wey una go-go stay, E go
porshu many kountries komot for una. Kontries like: Hit, Girgash, Amor,
Kanaan, Periz, Hiv and Jebus pipol. (Di pipol for dis seven kountries get
pawa pass una.) 2 Wen di Oga una God don give dis kountry to una and
una don konker dem, una must distroy dem finish. Make una nor enter
agriment with dem. 3 Make una nor even marry from dem. Make una nor
let una pikin marry dia pikin, 4 bikos dem go take una shidren from mi
kon let dem go woship anoda god. Den God go vex for una well-well kon
kwik distroy una. 5 Dis na wetin una go do. Una must skata di pagans altar
kon distroy all dia juju pilas. Make una kut dia Asherah pole for groun

kon burn dia juju. 6 Bikos una dey holy and na di Oga una God bi una
papa. From all di pipol wey dey di eart, di Oga una God don choose una
to bi en own special pipol.

7 God nor choose una from en heart, bikos una plenty pass oda kountries
or small pass oda kountries! 8 But na bikos God love una and dey keep di
promise wey E make with una grand-grand papa. Na dis make God save
una with en strong hand wen una dey serve as slave for King Fero hand
for Egypt. 9 So make una undastand sey, di Oga una God na en really bi
God. Na en bi di God wey dey keep en kovenant for tazon generashon
kon dey show en love wey nor dey end to doz wey love and dey obey en
kommand.

10 But E nor dey waste time to ponish and distroy doz wey rijet am. 11 So
una must obey all dis kommand, law and rules wey I dey give una today.

*Betta Promise*

12 If una listin to dis rules kon obey dem with all una heart, di Oga una
God go really keep en kovenant wey E promise una grand-grand papa.
13 E go love and bless una kon make una plenty and E go give una many
shidren. E go bless evritin wey una plant and una animals. Wen una rish
di land wey E promise sey E go give una grand-grand papa, una go harvest
many korn, new wine, olive oil and many kattle, sheep and goats. 14 For all
di kountries for di eart, na una God go bless pass. Evry man and woman
among una go get shidren and una animals go dey born too. 15 God go
protet una from any kind sickness. E nor go let una sofa from di bad-bad
diziz wey una si for Egypt, but E go make una enemies sofa dis diziz! 16 All
di kountries wey di Oga una God dey give una, una must distroy all of dem
finish. Make una nor sorry for dem at-all and make una nor woship dia
gods, if not dem go trap una.

17 Una fit tink and ask, "Dis kountries many pass us, so how wi go take
distroy dem?" 18 Make una nor fear. Make una remember wetin di Oga
una God do to Fero and Egypt pipol; 19 di betta judgement wey una si, di
signs and wonders wey God do; en strent and pawa wey E use take-take
us komot der and na so di Oga una God go do to all dis pipol wey una dey
fear. 20 Den di Oga una God go send fear go porshu doz wey neva die wey
dey hide and E go do am until di very last one wey dey hide from una,
go die! 21 So make una nor fear doz kountries, bikos di Oga una God dey
with una and E bi God wey dey great and wonderful. 22 Di Oga una God
go-go for una front and na small-small E go take porshu doz pipol komot
di land for una, until dem go finish. E nor go porshu all of dem at wons,
if not wild animals go kon too kwik plenty for di land before una rish der.
23 Di Oga una God go give dem to una; E go make dem fear well-well until
una go distroy dem finish. 24 E go put dia kings for una hand and una
go remove dia names from dis eart. Nobody go fit fight una and una go
distroy all of dem. 25 Una go burn dia juju for fire and una must nor like
dia gold or silva. Una must nor take dem, if not dem go bi trap for una,
bikos dem nor dey good to di Oga una God. 26 Any propaty wey God nor
like, make una nor take am enter una house, bikos if una do so, God go
distroy una just as E do to doz pipol. Make una make sure sey una nor do
dat kind tin, bikos God go distroy dem.

# 8

*Remember God*

1 Make una make sure sey una dey obey all di kommandment wey I dey
give una today. Den una go get long life kon many as una enter and stay
for di land wey God promise sey E go give una grand-grand papa. 2 Make
una remember how di Oga una God guide una pass di wildaness for dis
forty years, so dat E go fit honbol and test una to si if una go fit keep en
kommand or not. 3 True-true! E make una dey honbol thru honga kon dey
give una food wey una nor know (manna) make una chop. E do dis to tish
una sey human being nor nid only food, but dem still dey alive bikos of
wetin God tok. 4 For dis forty years, una klot nor even tear and una leg
nor get sore at-all. 5 Make una tink am well. Just as papa and mama dey
ponish dia pikin, na so too di Oga una God ponish una for una own good.
6 So make una obey di kommand wey di Oga una God give una kon do as
E tok and always dey fear am. 7 Bikos di Oga una God dey take una enter
one betta land; land wey get betta river and wota, with fountain wey dey
flow for di valley and hill. 8 Betta land wey get wheat, barley, vines, fig
trees, pomegranates, olive oil and honey; 9 land where una go for chop as
una like and una go get evritin. Betta land where stones bi like iron and
una go fit make koppa from en hills. 10 Una go chop beleful kon praiz di
Oga una God, bikos of di good land wey E give una.

*Remember Di Blessing*

11 Make una make sure sey una nor forget di Oga una God. Make una
dey keep en kommand and law wey I dey give una today. 12 Bikos wen
una go don get propaty well-well kon build many fine house to stay 13 and
get many animals and many silva and gold, plus evry oda tin, 14 make una
nor kon dey do like sey una too important, den forget di Oga una God
wey bring una kom out from Egypt where una for bi slaves before. 15 Na
dis God take una pass di wildaness wey get wiked snakes and skorpions;
place where wota nor dey. But God make wota flow for una from rock
kon 16 feed una for di wildaness with manna (food wey una grand-grand
papa nor ever know), so dat E go honbol and test una, den make una betta
pipol. 17 E do all dis tins, so dat una nor go kon dey tell unasef sey, "Na
my own pawa and work, I take get all dis tins." 18 Una must remember di
Oga una God, bikos na en dey give pipol di pawa to make money. If una
obey am, di kovenant wey E make with una grand-grand papa, E go make
am happen for una life.
19 But if una forget di Oga una God for evritin kon dey follow oda gods,
dey woship and bow for dem, I go tell una today sey, God go really distroy
una. 20 Just like di pipol wey God won distroy for una, na so too E go do
to una, bikos una nor gri follow en kommand.

# 9

*God Grace*

1 Israel pipol, make una listin! Today una won cross Jordan River kon
go take doz strong pipol wey get pawa pass una, land. Dem dey stay for
towns wey di wall rish di sky! 2 Di pipol strong well-well and dem tall;
dem bi Anak shidren-shidren. Una hear wen dem sey, "Na who go fit fight

Anak pipol?” [3] But make una undastand today sey, di Oga una God wey
dey waka for una front na fire wey dey burn anytin; E go win dem kon
make dem bi like mumu for una front. Just as God tell una, na so una go
kwik-kwik konker and distroy dem finish. [4] Afta di Oga una God don do all
dis tins for una, make una nor tok for una heart sey, “God give us dis land
bikos wi good well-well!” Nor bi bikos una good make God give una, but
na di wikedness wey dis oda pipol dey do, na-im make God porshu dem
komot for una. [5] Una nor dey enter and stay dis land, bikos una dey good
or get sense. Di Oga una God go porshu dis pipol komot for una, bikos of di
wikedness wey dem dey do and to fulfil di promise wey E make with una
grand-grand papa, Abraham, Isaak and Jakob. [6] So make una undastand
naw sey nor bi bikos una good make di Oga una God dey give una dis land,
bikos una nor good and una bi sturbon pipol.

### *Israel Sturbon*

[7] Make una remember and nor ever forget how una make di Oga una
God vex for di wildaness. From di day wey una komot Egypt kon rish naw,
una dey always sin against God. [8] Even for Mount Sinai, una make God
vex well-well sotey E won kon distroy una. [9] Dis tin happen wen I go di
mountin go kollect di ten kommandment wey God make for una. I dey
der for forty days and forty nite and I nor chop or drink anytin. [10] God
give mi two stones and all di kommandment wey E tell una from inside
di fire wen una gada go meet am for di mountin, E use en own hand take
rite dem put for di stones. [11] Wen di forty days don finish, God give mi di
two stones wey E rite di kovenant put. [12] Den God sey, “Make yu get up!
Just dey go at wons, bikos di pipol wey yu bring out from Egypt don dey
sin. Dem kwik-kwik forget kon komot from di way wey I sey make dem
dey live dia life! Dem don melt gold take make juju for demsef!” [13] God
still sey, “I don si sey dis pipol sturbon well-well! [14] So make yu leave mi
make I distroy all of dem komot from dis eart. Den I go make strong and
mighty pipol from yor shidren-shidren.” [15] So I turn komot di mountin
as di fire still dey burn and di two kovenant stones dey my hand. [16] Wen
I rish where una dey, I si sey una don really sin against di Oga una God
and una don make juju for unasef; una don kwik-kwik turn komot from
di way wey God kommand una! [17] So I take di two kovenant stones wey
di kommandment dey kon skata dem for una front. [18] Den I go stay for
God present for anoda forty days and forty nite; I nor chop or drink anytin
bikos of all di sins wey una don kommit wen una dey do wiked tins wey
go make God vex well-well. [19] I dey fear God vexnashon, bikos E sey E go
distroy una. But dis time, E still listin to mi again. [20] God vex well-well for
Aaron and E won kon distroy am too. But I pray for Aaron and God kon
sorry for am. [21] I take una sin; di juju wey una make kon melt and grind
am till e bi like san-san. Den I pour am for wota wey dey flow kom from
di mountin. [22] And una still make God vex for Taberah, Massah and Kibrot
Hattaavah. [23] Den wen E send una from Kadesh Barnea kon sey, “Make
una go take di land wey I don give una,” una still sin against di Oga una
God, bikos una nor bilive or obey am. [24] Una don dey sin against di Oga
una God rite from di first day wey I know una!

### *Moses Beg For Dem*

25 I liedan for groun for God present for forty days and forty nite, bikos
E sey E go distroy una. 26 I pray to am, “My Oga God, make Yu nor distroy
yor pipol wey bi yor betta propaty; pipol wey Yu save with yor own pawa
kon take dem komot from Egypt with yor strent. 27 Make Yu remember
yor savant, Abraham, Isaak and Jakob; den nor look as dis pipol sturbon,
wiked and di sins wey dem dey kommit. 28 Bikos if Yu distroy dem, Egypt
pipol go sey, ‘God nor fit karry dem go rish di land wey E promise dem
and bikos God hate dem well-well, E take dem komot here go kill for di
wildaness.’ 29 Dem bi yor pipol, yor betta propaty wey Yu take komot Egypt
with yor great strent and pawa.”

# 10

### *Anoda Stone*

1 For dat time, God kon tell mi, “Make yu kut two stones like di first ones
den kom meet mi for di mountin; make yu still make box with wood for
yorsef. 2 Di same word wey dey di stones wey yu break, I go rite dem put
for dis ones and yu must put dem for di box.”
3 So I use akasia wood take make box kon kut two stone like di first ones.
Den I klimb go di mountin with di two stones for my hand. 4 So di same
word wey bi di ten kommandment wey E tell mi for di mountin and from
di fire wen una gada go meet am, God kon rite dem put for dis ones as
E bin rite am for di first stones. 5 Den I kom down from di mountin kon
put di two stones for di box wey I make, just as God kommand mi and di
stones still dey der.

### *Evritin Wey Happen*

6 For dat time, Israel pipol travel from Beerot Bene Jaakan go Mosera.
Aaron die for der and dem beri am and en pikin Eleazar kon take-ova as
priest. 7 From der, dem travel go Gudgodah kon from der travel go Jotbatah
where wota for dey flow. 8 For dat time, God separate Levi tribe sey make
dem karry God Kovenant Box kon stand for God present to serve am and
na dem go dey bless pipol with en name and na so e bi till today. 9 Dat na
why Levi pipol nor get propaty or land among di oda tribes for Israel. Na
God ensef bi dia propaty, just as di Oga una God tok.
10 But for mi, I stay for di mountin just as I do for di first time for forty
days and forty nite. For dat time, God still listin to mi kon sey E nor go
distroy una. 11 Den E tell mi, “Make yu and di pipol start una journey, so
dat dem go-go kollect di land wey I promise dia grand-grand papa.”

### *Wetin God Wont*

12 Naw, Israel pipol, wetin di Oga una God wont from unasef? E wont
make una dey fear am kon dey live di kind life wey E wont make una live.
E wont make una love, respet and serve am with all una soul and heart.
13 Una must always obey God kommand and law wey I dey give una today,
so dat evritin go dey well with una.
14 Di heavens, di heavens wey high pass, plus di eart and evritin wey dey
inside am, na God get all of dem. 15 Yet God show en love to una grand-
grand papa dem. And E choose una wey bi dia grand-shidren above evry
oda pipol, as all of us dey si am today. 16 So make una shange una heart
and stop to dey do strong head. 17 Bikos di Oga una God na God of all
gods and Oga of all ogas. Na en bi di great Oga God, di God wey dey do

wonders, God wey nor dey do wayo and nobody fit bribe am. 18 Doz wey
nor get papa and mama and doz wey nor get husband again, E dey make
sure sey E fight for dem. E dey show love to strenjas wey dey stay with
una kon give dem food and klot to wear. 19 So una too must show love
to strenjas, bikos unasef bi strenja for Egypt before. 20 Una must fear di
Oga una God kon woship and love am. Wen una swear, e go must bi with
en name. 21 Na only en bi God; di only one wey wi go dey praiz; di Pesin
wey don do many wonderful mirakles wey una don si with una own eyes.
22 Wen una grand-grand papa dem go Egypt, dem bi only seventy. But naw,
di Oga una God don make una plenty like di stars for sky!

# 11

### *God Great*

1 Una must love di Oga wey bi una God kon obey evritin wey E tok. Dat
is, en law, rules and kommand wey E give una. 2 Make una know for una
mind sey, I nor dey tok to una shidren wey neva si as di Oga una God
judgement bi or si as E big and strong rish. 3 Dem nor si all di wonderful
signs wey E do for una wen una dey serve King Fero and en pipol for
Egypt. 4 Dem nor si wetin God do to Egypt sojas and dia shariot. How E
take kill dem for di Red Sea wen dem dey porshu una. E distroy dem finish
and dem neva fit balance kon rish today! 5 Una shidren nor si wetin God
do for una wen una dey di wildaness before una rish here. 6 Dem nor si
wetin E do to Datan and Abiram (wey Eliab wey kom from Reuben tribe,
bi dia papa) wen groun open for Israel kamp kon swallow dem with dia
family, dia house and evritin wey dem get. 7 But I dey tok to una bikos na
una si all di wonderful tins wey God do!

### *Promise Land*

8 Naw, make una listin to all en kommand wey I dey give una today, so
dat una go strong rish to kollect and enter di land wey una dey go so. 9 If
una obey di kommand, una go get long life for di land wey God promise
sey, E go give una grand-grand papa and una wey bi dia shidren; land wey
milk and honey full! 10 Bikos di land wey una go soon enter go stay, nor
bi like Egypt where una from dey kom and where una nid to work with
una hand and leg to take plant vegitabol. 11 But di land wey go soon bi
una own, na land wey get hills and valleys with plenty rain, 12 di kind land
wey di Oga una God like well-well. From one year to anoda, God dey wosh
ova di land!

13 Naw, if una listin well-well to my kommand, wey I dey tell una today
kon love di Oga una God and serve am with all una heart and mind, 14 E
go send rain for una land for di rite time, both di early and late rain, so
dat una go harvest una food, new wine and oil. 15 E go give una animals
plenty grass for di land and una go chop beleful.

### *To Obey Di Law*

16 But make una dey kareful. Make una nor let anybody deceive una, so
dat una nor go turn from God kon dey serve and woship oda gods. 17 If
una do like dis, God go vex for una well-well. E go lock di sky and rain nor
go fall, den di groun nor go bear food. Den una go kwik-kwik die for di
good land wey God dey give una. 18 So make una keep dis kommand for

una mind. Make una tie dem for una hand kon wear dem for una head, so
dat una go remember dem. [19] Make una tish dis kommand to una shidren.
Make una tok about dem wen una dey house and wen una dey for road,
even wen una won sleep and wen una wake-up. [20] Make una rite dem put
for una door-mot and for una gate, [21] so dat as long as di sky dey on-top di
eart, una and una shidren go dey betta for di land wey God promise una
grand-grand papa.
[22] Make una dey kareful as una dey obey all di kommand wey I dey
give una today. Make una show love to di Oga una God kon bilive and do
as E sey make una do. [23] Den God go drive all di kountries wey dey una
front, aldo dem really strong and great pass una, but una go take dia land.
[24] Anywhere wey una waka rish, dat land go bi una own. Una land go long
and wide from di wildaness go Lebanon and from River Eufrates go rish
Mediterranean Sea. [25] Nobody go fit stop una; di Oga una God go make
dem fear una for any land wey una waka enter, just as E promise una.

### *Di Blessing And Di Curse*

[26] Si, today I dey give una shance to pick between blessing and curse!
[27] God go bless una if una obey di Oga una God kommand wey I dey
give una today. [28] But na curse bi una own, if una rijet di Oga una God
kommand kon turn from am go woship oda gods wey una nor know before.
[29] Wen di Oga una God take una enter di land kon help una stay der, una
must tok about di blessing for Mount Gerizim and di curse for Mount Ebal.
[30] (Dis two mountins dey di west side for Jordan River where Kanaan pipol
for di Valley, dey stay, near Gilgal town wey nor far from Moreh Oak.)
[31] Bikos una go soon cross Jordan River go take di land wey God dey give
una. Wen una take di land kon dey stay inside, [32] make una dey kareful
as una dey obey all di rules and law wey I dey give and tell una today.

# 12

### *Woship Place*

[1] Dis na di rules and laws wey una must obey, wen una don enter di
land wey una grand-grand papa God, dey give una. As long as una dey
alive, una must obey dem. [2] Wen una porshu di kountries wey dey der,
una must distroy all di place wey dem for dey woship dia gods, both for
di mountin, on-top di hill and under evry tree. [3] Make una break di altars
and skata di pilas. Make una burn di Asherah juju poles kon kut dia juju.
Make una make sure sey una distroy all dia gods!
[4] Make una nor woship di Oga una God just as dis pagans dey woship
dia gods, [5] but una must woship di Oga una God for where en ensef go
choose from among all di tribes and na der una go for honor en name.
[6] For der, una go karry burnt ofrin, sakrifice, vow ofrin, ordinary ofrin
and una ofrin for di first fruit and animals wey una get. [7] For der, una
with una family go chop for di Oga una God present and una go happy for
evritin wey una get, bikos di Oga una God don bless una.
[8] Una nor go woship God as wi dey do for here today, where evribody dey
do as dem like, [9] bikos una neva even rish where una dey go kon kollect
di land wey di Oga una God dey give una. [10] Wen una don cross Jordan
River kon kollect and stay for di land; wen God don give una rest from all

una enemies and una dey save for di land, [11] una must bring evritin wey
I kommand una: una burnt ofrin; sakrifice ofrin; tithe and vow ofrin kom
di place wey God choose as where dem go for woship and honor en name.
[12] For der, una must celebrate for di Oga una God present, with all una
shidren, savants and Levi shidren wey dey stay una town, (bikos dem nor
get land or propaty among una). [13] Make una dey kareful, so dat una nor
go sakrifice una burnt ofrin for anywhere wey una like. [14] Una go only
sakrifice am for di place wey God go choose from among una tribe. Na
der una go for offa una burnt ofrin and do evritin wey I kommand una.

*Animal For Food*

[15] But una fit kill una animals kon chop en meat for any town wey una
wont. Una fit chop di animal wey God give una as una like. All of una,
weda una dey klean or not, fit chop meat, just as una dey chop gazelle and
deer. [16] But una must nor chop blood. Una must pour di blood for groun
like wota. [17] But make una nor chop ofrin for una own town or tithe for
una harvest and for una first fruit or animal, or sakrifice ofrin and vow
ofrin. [18] Una must chop dis tins for di Oga una God present and e go bi
for di place wey E choose. Make una chop for der with una shidren and
Levi wey dey stay with una and for evritin wey una dey do, make una dey
celebrate for di Oga una God present. [19] As long as una dey dis land, make
una dey kareful as una dey kare for Levi shidren.

*Blood*

[20] Wen di Oga una God don make una land big as E sey E go do and una
like to chop meat, una dey free to chop as una like. [21] If di place wey God
choose sey una go woship am too far for una, una fit kill any of una animal
wey E don give una, just as I kommand una; kon chop dem for una town
as una like. [22] Just as una dey chop gazelle or deer; doz wey dey klean and
doz wey nor dey klean, fit chop dem too. [23] But make una nor chop blood,
bikos blood na life and una must nor chop animal blood with di meat.
[24] Instead, make una pour di blood for groun like wota. [25] Make una nor
chop di blood, so dat evritin go dey well with una and una shidren-shidren
and if una do like dat, belle go sweet God.

[26] But make una take di holy ofrin and di vow wey una make, go di place
where God choose. [27] Di meat and blood from una burnt ofrin, make una
put am for di Oga una God altar. Make una pour di oda sakrifice blood for
di Oga una God altar, but una fit chop di meat. [28] Make una make sure sey
una obey all di kommand wey I dey give una, so dat evritin go dey well
with una and una shidren-shidren, bikos una do wetin dey good and betta
for una Oga God eye.

[29] Wen di Oga una God dey go for una front go distroy all di kountries
and una drive dem komot kon stay di land, [30] make una nor follow dem
serve dia juju and gods. Make una nor ask about dia gods or sey, "Na how
dis pipol take dey woship dia gods? Make wi serve God like dem." [31] Una
must nor woship di Oga una God, just as di oda kountry dey woship dia
own gods, bikos all wetin dem dey do take woship dia gods, na tins wey
una Oga God hate well-well. Dem even dey burn dia shidren as sakrifice
for dia gods.

[32] So all dis kommand wey I dey give una so, make una obey dem with
kare. Make una nor add join or remove from dem.

# 13

### *Nor Woship Oda Gods*

1 May bi una get profet or doz wey dey si wetin go happen among una
and dem kon show una signs and wonders, 2 den wetin dem show una kon
happen. If dem sey, "Make una kom make wi woship oda gods; gods wey
una neva sey before." 3 Doz profets wey dey si wetin go happen, make una
nor listin to dem, bikos di Oga una God go dey test una, to know weda una
love am with all una mind and heart. 4 Una must follow di Oga una God
kon woship only en and una must follow en kommandment, obey, serve
and always dey loyal to am. 5 But for di profet and doz wey dey si wetin
go happen, make una kill dem, bikos dem won make pipol sin against di
Oga una God wey take una komot from Egypt where una for bi slave. Una
must kill dem, bikos dem dey try to deceive una komot from di way wey
God wont make una follow. So like dis, una must skata and distroy evry
bad tin or pipol wey dey among una.

### *Lie-lie Profet*

6 Weda na una broda, pikin, wife or friend kon tok and wont make una
serve oda gods wey una or una grand-grand papa nor know before, 7 or
if dem wont make una woship doz oda pipol gods, 8 make una nor do am
or listin to dem. Make una nor sorry for dem or protet dem. 9 Una must
kill dem! Make una bi di first to attack dem and evry oda pesin go join
una. 10 Una must stone dem die, bikos dem try to make una turn from
di Oga una God wey diliver una from Egypt, di place where una for bi
slave. 11 Den, Israel pipol go hear about am kon fear and nobody go won
do wiked tins again.

### *To Serve Juju*

12 Wen una don start to stay for di land, una fit hear sey, 13 some wiked
pipol don leave una go tok to pipol wey dey di land before sey, "Make wi
go serve and woship anoda god." (Gods wey una neva si before.) 14 For
dis kind matter, una must look di kase well-well. If una find out sey dis
bad tin wey happen, na true, 15 den make una make sure sey una kill all
doz wey dey di town; plus all di animals wey dem get. 16 Una must gada
all di dirty for der kon put am for di street centre, den burn di town rish
groun as ofrin to di Oga una God. Una must distroy di town forever and
make nobody build am again. 17 Anytin wey God sey E go judge, una must
nor take am at-all. Den God nor go vex again, but E go sorry for una kon
make una plenty as E promise una grand-grand papa. 18 Di Oga una God
go sorry for una only if una listin to en vois, keep en kommand wey I tell
una kon dey do wetin dey good for en eye.

# 14

### *Holy And Unholy Tins*

1 Since una bi Oga God shidren, make una nor ever kut unasef or shave
una hair sey una dey kry for who don die. 2 Bikos una dey holy to di Oga
una God, na-im make am choose una as en pipol wey E love pass among
evry oda tin for dis world. 3 Make una nor chop anytin wey dem dey
forbid. 4 Dis na di animals wey una fit chop: melu, sheep, goat, 5 gazelle,

deer, wiked goat, antelope, wiked oryx and di sheep for mountin. 6 Una
fit chop animals wey dia leg divide into two and dey shew grass, 7 but if
di animal nor get am, make una nor chop am. So make una nor chop
kamel, hare or hyrax. Dem dey really shew grass, but dia leg nor divide,
so dem nor dey klean to chop. 8 Make una nor chop pig. E get strong leg
wey divide, but e nor dey shew, so e nor dey klean. Make una nor chop
dis animals or even tosh dia dead body. 9 For all di animals wey dey for
river, una fit chop anytin wey get both fins and skales. 10 But make una
nor chop any animal for wota wey nor get fins and skales, bikos dem nor
dey klean. 11 Una fit chop any bird wey dey klean. 12 Di birds wey una
nor go chop na: eagle, vulture, black vulture, 13 kite, falkon, any buzzard,
14 any kind raven, 15 ostrich, owl, seagul, any kind hawk, 16 small owl, big
owl or barn owl, 17 owl for wildaness, Egypt vulture, kormorant, 18 stork,
any kind herons, hoopoe and bat. 19 Any insect wey dey waka for groun
with feada nor dey klean for una and make una nor chop dem. 20 But una
fit chop any bird and insect wey dey fly, bikos dem dey klean. 21 Make
una nor chop anytin wey die on en own. Una fit gi-am to strenja wey dey
stay una town or una fit sell am give strenjas. But make una nor chop am
at-all, bikos una bi di Oga una God pipol. Make una nor kill or chop small
goat wey still dey suck breast.

### *Tithe*

22 Una must make sure sey una dey give God one from evry ten tin wey
una get or harvest dat year. 23 Una go bring am kom di Oga una God
present, so dat en go chop from una plant, new wine, olive oil and evry
first-born for una animal. Una go bring am kom meet am for di place wey
E choose sey una go for honor en name, so dat una go learn to always
woship di Oga una God. 24 Wen E bless una, if di place where E choose sey
una go for honor en name dey far, 25 una fit sell all doz tins kon travel with
di money wey una sell am go di place wey di Oga una God don choose by
ensef. 26 Wen una rish der, una fit use di money take buy any food wey
una wont, plus kattle, sheep, goats, wine or beer and anytin wey una like.
Den make una do party for di Oga una God present kon celebrate with una
family. 27 Make una nor forget Levi pipol wey dey una town, bikos dem
nor get land or propaty among una. 28 For di end of evry three years, una
go bring all di tithe for dat year harvest kom, den keep am for di town wey
dey near where God choose. 29 Make una gi-am to Levi pipol, bikos dem
nor get land or propaty among una. Make una still give to di strenjas wey
dey stay with una; shidren wey nor get papa and mama and wimen wey
dia husband don die, so dat dem go chop beleful. Den di Oga una God go
bless una for evritin wey una dey do.

# 15

### *Di sevent Year*

1 For di end of evry seven year, make una kancel di debt wey anybody
dey owe una. 2 Dis na how una go dey do am. Evribody must kancel di
debt wey dia fellow Israel broda dey hold dem. Dem must nor sey make
dia neighbour or rilative pay dem back, bikos God time to free pipol, don
rish. 3 Dis freedom from debt na for only una brodas nor bi for di strenjas.
4 Make poor pesin nor dey among una, bikos di Oga una God go really bless

una for di land wey E dey give una as una own forever. 5 Una go receive
dis blessing if una really obey dis kommand wey I dey give una. 6 Bikos di
Oga una God go bless una just as E promise; una go give to many kountries,
but una nor go borrow from any one. Una go rule many kountries, but no
kountry go rule una.

*Free Spirit*

7 But if anybody dey poor for Israel wen una rish di land wey di Oga una
God dey give una, make una nor do strong head for am at-all. 8 Una must
make sure sey una dey good to am kon gi-am anytin wey e nid. 9 Make una
dey kareful, if not wiked tins go full una mind, den una nor go give pesin
money, bikos di seven years don dey near. If una nor gri give di pesin
money and di pesin kon kry give God, dat mean sey una don kommit sin.
10 Make una dey give to poor pipol with happiness, bikos di Oga una God
go bless una for evritin wey una dey do. 11 E go always get some pipol for
di land wey go dey poor. Dat na why I dey kommand una to dey give with
happy mind to poor pipol and odas for Israel wey nid anytin.

*Slave*

12 If una fellow Hibru sell ensef to bi una savant kon serve una for six
years, for di sevent year, una must free di pesin. 13 Wen una dey free una
savant, make una nor let dem go like dat. 14 Make una give dem betta gift
with happiness from una animal and from una wine. Make una give some
of di blessing wey God give una. 15 Make una remember sey una bi slave
for Egypt until di Oga una God kon save una! Na dis make mi dey give
una dis kommand.
16 But if una savant sey, "I nor wont go," bikos e love una and una family
and e don serve una well. 17 For dat kind kase, make una take sharp iron
take press en ear join di door, den e go bi una savant forever. Una go do
like dis both for una man and woman savant.
18 Make una nor si am as big lost wen una free una savants. Make una
remember sey, di work wey dem don work for una for six years, if una
sey make una hire pesin make e do am, una go pay am times two. So di
Oga una God go bless una for dis tin wey una do.

*Give God Di Best*

19 All di first male wey una animal born, una go give dem to God. Make
una nor use dem take go klear una field and make una nor shear dem at-
all. 20 Instead, for evry year, una and una family go chop dem for di Oga
una God present, for di place wey E choose. 21 But if di first pikin for di
animal get problem like sey e nor fit waka or e blind or if any oda tin dey
happen to am, make una nor sakrifice am give di Oga una God. 22 Instead,
make una use am take kook for una family for house. Anybody, weda e
dey klean or e nor klean, fit chop from am, just as anybody fit chop deer
or gazelle. 23 But make una nor chop blood. Una must pour di blood for
groun like wota.

# 16

*Di Passova*

1 Just to honor di Oga una God, make una dey celebrate di Passova evry
year for Abib mont, bikos dat na di mont wey di Oga una God take karry

una komot from Egypt for nite. [2] Una Passova sakrifice go bi from di
animal wey una get and una must sakrifice am give di Oga una God for di
place wey E sey make una woship am; where E choose make dem honor
en name. [3] Make una chop am with bread wey dem nor make with yist
and una go chop dis bread for seven days, just as e bi wen una rush dey
komot from Egypt. Make una chop dis bread (bikos na-im una chop wen
una dey sofa), so dat as long as una dey alive, una go remember di day
wey una komot from Egypt. [4] Make dem nor si yist for anybody house for
dis land thru-out di seven days. And wen una sakrifice di Passova lamb for
evening for di first day, make una nor let any meat remain till morning.

[5] Una nor go just sakrifice di Passova lamb for any town wey God dey
give una. [6] Una go only sakrifice am for di place wey dem for dey woship
God; di place wey di Oga una God choose sey dem go for honor en name. As
di sun dey go down, una go sakrifice am der for evening to take celebrate
and remember wen una komot from Egypt. [7] Make una roast and chop di
lamb for di place wey una Oga God choose. Den, di next day, una fit go
back to una house. [8] For di next six days, make una nor chop any bread
wey dem make with yist. Una go make di sevent day anoda holy day to
honor di Oga una God and make nobody work for dat day.

### *Week Feast*

[9] From di day wey una bigin harvest, make una kount seven weeks.
[10] Den make una celebrate Harvest Feast to honor di Oga una God. Make
una gi-am ofrin from una mind, akordin to how E bless una rish. [11] Dis
na time to celebrate before di Oga una God for di place wey dem for dey
woship am; di place wey E choose sey make dem honor en name. Make
una celebrate with una shidren, all una savants, Levi pipol for una town,
strenjas, shidren wey nor get papa and mama again and wimen wey dia
husband don die wey dey stay with una. [12] Make una remember sey na
slave una bi for Egypt before, so make una obey all dis kommand with
kare.

### *Shelta Feast*

[13] Make una celebrate Shelta Feast for seven days for di time wen una
dey harvest una plant and grapes. [14] Wen una dey celebrate dis feast,
make una happy with una shidren, all una savants, Levi pipol for una
town, strenjas, shidren wey nor get papa and mama again and wimen
wey dia husband don die, wey dey stay with una. [15] Una must celebrate
dis feast for seven days to honor di Oga una God for di place wey E choose,
bikos na en bless una well-well kon make all una work, prosper. Dis feast
go bi time for evribody to happy.

[16] For evry year, evry man for Israel go dey celebrate dis three feast:
Bread wey nor get yist, Harvest Feast and Shelta Feast. For each feast,
evribody must karry gift kom give di Oga una God for di place wey E
choose. [17] Evribody must give God as dem fit do rish and na akordin to
how di Oga God bless dem rish.

### *Betta Judgement*

[18] For all di towns wey di Oga una God dey give una, make una pick doz
wey fit judge from each tribe for Israel. Di judge dem must judge di pipol
well. [19] Make una nor judge anyhow or judge wetin una nor know. Make

di judge dem nor take bribe from pipol, bikos bribe dey blind wise pesin
eye kon spoil betta pipol mind. [20] Make una judge well, so dat una go stay
long for di land wey di Oga una God dey give una.

### *Juju House*

[21] Apart from di altar wey una build for di Oga wey bi una God, make
una nor ever use wood take build house for Asherah juju. [22] Make una
nor ever build juju house kon woship dem, bikos di Oga una God nor like
all dat kind tin.

## 17

[1] Make una nor sakrifice any animal wey nor well or get problem give
di Oga una God, bikos dat kind tin dey make am vex.
[2] Wen una don dey stay di town wey di Oga una God go give una, if
one man or woman among una do bad tin for God eye kon go against en
kovenant, [3] bikos e go serve anoda god or woship di sun, moon, star or di
pawas for heaven, tins wey I sey make una nor do, [4] wen una hear about
dat kind tin, make una shek di matter well-well. If na true sey dem do dis
bad tins for Israel, [5] den make una take di man or woman wey kommit dis
sin go outside di town gate kon stone am die. [6] But make una nor ever kill
pesin, bikos of wetin one pesin tok. Two or three pesin must tok di same
tin, before una go fit stone pesin die. [7] Di pipol wey tok about di tins wey
di pesin do, na dem go first stone di pesin, before oda pipol go join dem.
Like dis, una go stop wiked and evil tins among una.

### *High Kourt*

[8] If matter too strong for una to judge; matter like to kill pesin or matter
wey koncern propaty or wahala for village, make una karry doz kind
matter go di place wey di Oga una God don choose. [9] Una go-go meet
di Levi priest or di judge wey dey on duty. Dem go hear di kase kon give
judgement. [10] Una must do as dem judge for di place wey God choose. Una
must do just as dem tok. [11] Afta dem don read di law kon pass judgement,
una must do anytin wey dem tok; make una nor try to shange wetin dem
tok at-all. [12] Anybody wey nor gri obey wetin di judge or di priest wey dey
ripresent di Oga una God tok, una must kill dat pesin. Like dis, una go end
bad and wiked tins for Israel. [13] Den wen all di pipol hear am, dem go fear
to do wiked tins.

### *King*

[14] Wen una rish di land wey di Oga una God dey give una and una
don take and dey stay inside, den una sey, "Like all di kountries wey dey
around us, na so too wi go selet king for awasef," [15] Una must selet di king
wey di Oga una God go choose. Una go choose king from among unasef.
Make una nor choose pesin wey nor kom from Israel. [16] Make di king nor
build big house where e go put horse, or make di pipol go back to Egypt go
buy horse, bikos God don sey, "Make una nor go back to Egypt." [17] Make
di king nor marry many wife for ensef, bikos dem go turn en heart from
di Oga una God. Make e nor gada money, silva or gold for ensef. [18] Wen
e sidan for di throne as king, make e kopy dis kommand put for book for
di Levi priest present. [19] Make e always keep dat kopy with am evriday as
long as e dey alive. Like dat, e go learn how to fear di Oga en God as e dey
obey all di laws and kommand. [20] As e dey read am evriday, e nor go dey

proud and e nor go do like sey e important pass evribody. Dis nor go let am turn from dis kommand at-all. And e go make en and en shidren-shidren reign as king for Israel forever.

# 18

*Priest and Levi*

1 Make una remember sey Levi pesin wey bi priest, plus di whole Levi
tribe nor get any propaty or land among di oda tribes for Israel. Instead
di priest and Levi pipol go chop from di special gift wey di oda tribes go
give God, bikos na dat bi dia share. 2 Dem nor get any land for diasef for
Israel. Na God bi dia propaty, just as E don tell dem.

3 Di tins wey di priests go take as dia own share, na di animals and oda
tins wey di oda tribes bring kom as ofrin: dem go take di animals shoulder,
jaw and belle. 4 Di first share for una harvest, new wine, olive oil and di
wool wey una kollect wen una dey shear di sheep, make una give dem to
di priest. 5 Bikos na di Oga una God choose Levi tribe out of all di tribes
wey dey Israel to serve am forever.

6 And if one Levi pesin kom from any town for Israel kon sey e dey go
where God don choose sey make dem woship am, 7 e fit serve for der with
God name, just like evry oda Levi wey bi priest wey dey serve God for der.
8 Dem go give di same food like di oda priests and e fit keep anytin wey
en family send kom gi-am.

*Profet*

9 Wen una enter di land wey di Oga una God dey give una, make una
nor learn wetin di oda kountries for der dey do. 10 For ezample, make una
nor burn una shidren as sakrifice. And make nobody learn how to dey
tell pipol dia future; 11 learn to use juju; how to tok to oda spirit or witch
spirit. 12 Anybody wey dey do dis kind tin, dey make God vex. Na bikos
of dis tins wey di oda kountries do, na-im make God porshu dem komot
from di land for una. 13 But make una serve di Oga una God well-well, so
dat E nor go si any fault for una body.

14 Di pipol wey una won porshu dey do dis tins, but di Oga una God dey
sey make una nor do dis kind tin. 15 Di Oga una God go raiz profet like mi
from among una and e go bi una own kountry man and make una listin
to am. 16 Bikos dis na wetin una ask di Oga una God by unasef wen una
gada go meet am for Mount Sinai. Una sey, "God, make Yu nor let us hear
yor vois again or si di big fire again, bikos wi go die." 17 God kon tell mi,
"Wetin dem tok dey good. 18 From among dia own pipol, I go raiz one
profet like yu. I go put my word for en mout and e go tell dem anytin wey
I kommand. 19 Anybody wey nor gri listin to wetin di profet tok, na mi go
ponish am with my own hand. 20 But any profet wey tok wetin I nor send
am or tok about any oda god, go die.

21 "But una fit ask unasef, 'How wi won take know sey, dat message nor
bi from God?' 22 Wen any profet dey tok with God name and wetin e tok
nor kon happen at-all, una go know sey nor bi God send am, but di profet
just dey tok on en own, so make una nor listin, bilive or fear am."

# 19

*Law About Kilin*

1 Wen di Oga una God don distroy di pipol wey E won give dia land to
una, una go take di land kon stay for dia towns and house. 2 Den for di
centre for di land wey God dey give una, make una keep three town for
der. 3 For di aria for di land wey God dey give una as una own, una go
measure and divide am into three, so dat pesin wey kill anoda pesin fit
run go der.

4 If pesin kill anoda pesin by mistake, without sey dem kworel or dey
fight before, di pesin fit run go any of di town go stay. 5 For ezample, may
bi pesin go forest with en neighbour go kut wood. Den one of dem kon
karry di axe make e kut di tree and di axe head komot from di wood wey
hold am kon kill di oda pesin. For dis matter, dat pesin wey kill di pesin
fit run go one of dis towns and e go dey save. 6 Bikos if di town too far for
am, before e go run rish der, di pesin wey dey vex sey dem kill en pesin fit
porshu di pesin kon kill-am. Dis pesin deat nor good, bikos na mistake e
take kill pesin. 7 Na dis make mi sey, make una keep three town wey pesin
go run go and e go dey save.

8 And if di Oga una God don make una land big, just as E promise una
grand-grand papa kon give una all di land wey E promise dem 9 and una
dey obey all di kommand wey I dey give una today (wey bi to love di Oga
una God and always do as E tok), dat time, make una add three towns join
di first three. 10 Una must nor kill innocent pesin for di land wey di Oga
una God won give una, bikos dat go make una dey guilty.

11 But if pesin hate en neighbour kon hide for korna dey wait am, so
dat e go attack and kill-am, den run go dis towns, 12 di pesin wey old pass
for en family go sey make dem bring am kom, so dat dem go kill-am too.
13 Make una nor sorry for dat kind pesin! Pipol wey dey kill pipol wey nor
do anytin, make una komot dem from Israel, den evritin go dey well with
una.

*Witness*

14 Wen una rish di land wey di Oga una God dey give una, make una
nor ever tif anoda pesin land or komot di boundary stone for where una
grand-grand papa sey make dem put am.

15 Make una nor hold anybody sey e do bad, if na only one pesin bi
witness. Di trut for di matter bi sey, two or three pesin must sey dem si
wetin happen.

16 If pesin kom outside kon tok wetin e nor si about anoda pesin, 17 den,
both who tok and who dem dey tok about go kom God present kon tok
before di priest and di judge wey dey der. 18 Den di judge go handle di
matter well-well. If di oda pesin lie for en broda head, 19 den di deat wey
e won make e broda die, na en go die-am. Like dis, una go remove all
dis bad pipol among una. 20 Den di rest pipol go hear wetin happen and
dem go kon dey fear to do doz kind bad tins. 21 Anybody wey dey guilty,
make una nor sorry for am! Una matter must bi life-for-life, eye-for-eye,
tit-for-tit, hand-for-hand and leg-for-leg.

# 20

*Law About War*

[1] Wen una go fight una enemies and una si dia horse and dia sojas wey
strong pass una own, make una nor fear. Di Oga una God wey bring una
kom out from Egypt, dey with una! [2] Wen una dey ready for war, make di
priest kom front kon tok to di sojas. [3] E go tell dem, "Israel men, make una
listin to mi! Today, as una dey go fight una enemies, make una nor fear
at-all! Make una heart nor fail una or una kon dey shake for dia front like
pikin wey nor well. [4] Bikos di Oga una God dey go with una! E go fight
una enemies for una kon make una win di war!"
[5] Den di soja oga go tok to di sojas sey, "E get anybody for here wey just
build new house and e neva dedikate am? If na so, den yu fit go house,
bikos dem fit kill yu for war and anoda pesin go dedikate yor house. [6] E
get anybody for here wey just plant vineyard and neva chop anytin from
am? If na so, yu fit go house, bikos dem fit kill yu for war and anoda pesin
go chop di first fruit for yor harvest. [7] E get anybody for here wey just
engage woman, but e neva marry am? If na so, yu fit go house go marry,
bikos dem fit kill yu for war and anoda pesin go marry di woman." [8] Den
di soja oga go sey, "E get anybody among us wey dey fear or en heart dey
shake? If na so, yu fit go house before yu go make anoda pesin, fear too."
[9] Wen di oga don tok to dia sojas finish, dem go choose pesin wey go dey
kommand each group.
[10] As una near any town wey una won attack, make una first try to make
peace with en pipol. [11] If dem agri with una kon open di gate for una, den
all di pipol for dia go serve una as una savants. [12] But if dem nor gri open
di gate for una and dem dey ready to fight, una must attack dat town.
[13] Wen di Oga una God don give dat town to una, make una use una swod
take kill all di men, yong boys or boy pikin for dat town. [14] But una fit take
all di wimen, shidren, animals and oda tins wey una fit take. Make una
enjoy all di tins wey una take from una enemies land wey God dey give
una. [15] But dis kommand na for only di towns wey dey far-far, nor bi for
di towns inside di kountries wey una won stay.

### *Law About War With Kanaan*

[16] For doz towns and kountries wey di Oga una God dey give una as
where una go stay, make una distroy evritin wey dey inside dem. [17] Hit,
Amor, Kanaan, Periz, Hiv and Jebus pipol, una must distroy dem finish,
just as di Oga una God kommand. [18] If una distroy dem finish, di pipol for
di land nor go dey to tish una how to serve and woship dia own gods and
juju wey go make una sin against di Oga una God.
[19] Wen una dey attack any town and di war nor dey end, make una nor
use una axe take kut di trees. Una fit chop dia fruit, but make una nor kut
dem. Na di trees bi una enemies wey make una won attack dem? [20] Di
only tree wey una fit kut, na di ones wey nor good for food, den kon use
dem take make tins wey una nid to take attack di enemies town until di
town go fall.

## 21

### *Law About Kilin*

[1] Wen una dey di land wey di Oga una God dey give una, una fit si pesin
wey dem kill for di field and una nor know who kill-am. [2] For dat kind
matter, una eldas and judge go measure from where dem for kill di pesin

go rish di town wey dey near der. 3 Di eldas for di town wey dey near
where dem for kill di pesin, go take one small melu wey dem neva tish
anytin or use work at-all. 4 Dem go escort am go di valley wey dem neva
plant or klear before and wey wota dey rush pass. Wen dem rish di valley,
dem go break di melu neck for der. 5 Den di Levi priest go kon front (bikos
di Oga una God don choose dem to serve am and to bless una with en
name). Na dem go dey judge both good and bad kase for di town. 6 Di
eldas for dat town must wosh dia hand on-top di small melu wey dem
don break en neck. 7 Den dem go sey, "Awa hand and leg nor dey for dis
pesin deat and wi nor si am wen dem dey kill-am. 8 So God go forgive en
pipol Israel wey E save and E nor go ponish dem sey na dem kill pesin
wey nor do anytin." Den di sin nor go dey dia head at-all. 9 If una follow
dis kommand, una go do wetin dey rite for God eye and una go dey save
from dis sin.

### *Law About Wife*

10 Wen una dey go fight una enemies and di Oga una God make una win
kon katch some of dem as una prisona 11 and among di pipol wey una take
so, una si fine woman for inside wey una like marry, 12 una fit karry am
go una house. Di woman must shave en head, kut en finger 13 burn di klot
wey e wear wen dem katch am, den kon stay una house. E go take one
mont take mourn for en papa and mama wey die. Den una fit marry am
as una wife. 14 But if una marry am and e nor dey do as una wont make
e do, make una let am go free. Since una force and sleep with di woman,
una nor go fit trit am like slave kon sell am.

### *Law About Shidren*

15 If man get two wife and e love won pass di oda, den di two wife born
boy pikin, If di first-born na from di wife wey e nor love, 16 wen di man
dey divide en propaty, make e nor give di biggest part to di yonga one wey
e love en mama, bikos nor bi en dem first-born. 17 E must give di first
pikin wetin bi en own, even doh e nor love di mama. E must gi-am times
two of wetin e give di sekond pikin, bikos na di first son bi en papa pawa
and honor.

18 If pesin get sturbon son wey nor dey listin to en papa and mama even
doh dem ponish am, 19 make en papa and mama seize am kom meet di
eldas for di town gate. 20 Dem go tell di eldas for di town sey, "Awa pikin
too sturbon and e nor dey hear word, e dey chop and drink anyhow."
21 Den, all di men for di town go stone di pikin die. Like dis, una go remove
all di wiked pipol wey dey among una and wen evribody for Israel hear
wetin happen, fear go katch dem.

### *Pesin Wey Dem Hang*

22 If pesin do wetin go make dem kill-am and dem hang am for tree make
e die, 23 make di body nor dey di tree till di next day. Na dat same day una
go beri di body, bikos en body wey dem hang, na curse for God eye. Make
una nor dirty di land wey di Oga una God dey give una.

## 22

### *Difren Laws*

1 Wen una si una neighbour animal dey waka lost, make una nor trowey
una eye; una must riton am go give di owner. 2 If di owner nor dey stay
near una or una nor know who e bi, make una take am go una house until
di owner go kom find am, den una must gi-am back en animal. 3 Na di
same tin una go do to donkey, klot or any oda tin wey una neighbour lost
wey una si. Make una dey ready to always help una neighbour.

4 Wen una si una neighbour donkey or melu dey faint for road, make
una nor trowey una eye or waka pass am; instead make una make sure
sey una help di animal.

5 Make woman nor wear klot wey bi man own and make man nor wear
woman klot, bikos anybody wey dey do dis kind tin, dey make di Oga una
God vex.

6 If una si bird house for tree or for groun and yong birds or eggs dey
inside with dia mama for der, make una nor take di mama from en shidren.
7 Make una free di mama, but una fit take di shidren. Make una do like
dis, so dat e go dey well with una and una go get long life.

8 If una build new house, make una build guide round di roof, so dat
dem nor go sey una kill pesin in kase pesin fall from di top.

### *Klean Tins*

9 Make una nor plant two difren seed for una vineyard; if not, all di fruit
and di seed wey una plant, go skata.

10 Make una nor klear una farm with donkey and melu togeda.

11 Make una nor wear klot wey dem use wool and linen take make.

12 Una must fold una kover klot for di four korna.

### *To Dey Klean For Marriage*

13 If anybody marry woman kon sleep with am den 14 e porshu am for
publik kon sey, "Na wen I marry dis woman, I know sey e nor bi virgin."
15 Den di woman papa and mama must bring proof kon give di eldas for
di town gate sey, dia pikin na virgin. 16 Di girl papa go tell dem, "I give
my pikin to dis man as en wife and naw, e don rijet am. 17 E dey curse di
girl sey, 'I don know sey yu nor bi virgin.' But dis klot show sey my pikin
na virgin, before e marry am." Den, dem go spread di girl bed shit for di
eldas front. 18 Di eldas go take di man kon ponish am. 19 Dem go still tell
am make e pay 100 silva to di woman papa, bikos na for publik e for curse
di woman sey e nor bi virgin. Den di woman go still bi di man wife and e
nor go fit sey make di woman pak komot from en house.

20 But if wetin di man tok na true and e show sey di woman nor bi virgin,
21 den dem go take di woman go en papa door-mot. For der, di men for di
town go stone am die. E don kommit bad sin for Israel, bikos e dey sleep
with difren men wen e dey en papa house. Like dis, una go remove evil
from among una.

22 If dem katch anybody dey sleep with anoda man wife, both of dem
must die; like dis, una go remove evil from Israel.

23 If virgin don dey engage to one man and anoda man for di town kon
sleep with am, 24 una must bring di two of dem kom di town gate kon
stone dem die. Una go stone di girl die, bikos e nor kry wen di man dey
sleep with am and una go kill di man, bikos e sleep with di woman wey
en broda suppose marry; like dis, una go remove evil from among una.

25 But if di man meet di woman for outside di town kon force and rape
am, den na only di man go die. 26 Una must nor do anytin to di woman,
bikos e nor do anytin wey go make dem kill-am. Dis one na di same tin as
wen pesin attack and kill anoda pesin, 27 bikos di man meet am for field
and di woman kon dey shaut, but nobody dey der to save am.
28 If one man si virgin wey dey engage kon force and rape am and dem
katch dem. 29 Di man wey rape di woman go pay 50 silva give di woman
papa and di woman go bi en wife, bikos e don dis-virgin am. E nor go ever
fit porshu di woman komot en house till e die.
30 Make nobody marry en papa former wife, bikos dat na disgrace to en
papa.

# 23

### *Publik Woship*

1 If anybody wound or dem kut en private part komot, make una nor let
am kom God present.
2 Make una nor let pesin wey nor know en papa kom God present; even
to en tent generashon, make nor of dem enter where God dey.
3 Make no Ammon or Moab pesin enter God present; even to dia tent
generashon, make nor of dem enter where God dey. 4 Dis pipol nor welkom
una with food and wota wen una kom out from Egypt. Instead dem hire
Balaam wey en papa bi Beor from Petor wey dey Aram Naharaim sey make
e curse una. 5 But di Oga una God nor gri listin to Balaam. Di curse wey
Balaam suppose curse una, e turn am to blessing bikos di Oga una God
love una. 6 As long as una dey dis life, make una nor ever pray for peace
or betta tin for dem.
7 Make una nor hate Edom or Egypt pipol, bikos Edom pipol na una
brodas and una stay as strenjas for Egypt. 8 Di third generashon for Edom
and Egypt pipol fit enter God present.

### *To Dey Klean*

9 Wen una dey go fight una enemies, make una guide unasef against
anytin wey nor klean. 10 If anybody dey among una wey nor dey klean,
bikos of wetin e do with en body for nite, e must komot di kamp and e nor
go enter for sometaim. 11 Wen evening don rish, make e wosh ensef with
wota, den wen sun don go down, e fit enter di kamp again.
12 Una must get somewhere outside di kamp where pipol go for dey piss
or shit. 13 Una must get shovel among evry oda tin wey una get, so dat
wen una shit for outside di kamp, una go dig groun with di shovel den
pour di shit for der kon kover am. 14 Bikos di Oga una God dey waka for
di kamp to diliver una kon kill una enemies. So una kamp must dey holy,
so dat E nor go si anytin wey go make am turn from una.

### *How To Trit Slave*

15 Any slave wey run leave en masta kom meet una, una must nor take
am go back. 16 Make dem stay with una for any town wey dem choose and
make una nor opress dem.

### *Ashawo Among Una*

17 Make nobody for Israel, weda na man or woman, turn ashawo for di
temple. 18 Wen una dey bring una vow ofrin, make una nor bring any

ashawo pesin ofrin kon give di Oga una God, weda na man or woman, bikos dat kind tin dey make di Oga una God vex.

### *Respet Odas Propaty*

19 If una give money, food or any oda tin to una fellow brodas for Israel,
make una nor put intrest at-all. 20 Una fit borrow with intrest give strenja, but nor bi to una own fellow Israel broda and if una keep dis kommand, di Oga una God go bless una for evritin wey una dey do for di land wey una go soon take as una own.

21 Wen una make promise give di Oga una God, make e nor tey before
una do wetin una promise, if not, God go hold una sey una don sin. 22 But
e nor go bi sin, if pesin nor make promise or vow at-all. 23 Anytin wey una
promise, una must dey kareful sey una do am. And di promise wey una make to di Oga una God must kom from una free mind.

24 If una enter una neighbour vineyard, una fit chop as many grapes as
una wont, but make una nor take any one komot from di vineyard. 25 And
wen una enter una neighbour grain field, una fit plok di grain head with una hand, but make una nor kut am with knife.

# 24

### *To Marry Again*

1 Wen man marry woman and e nor like am, bikos e don si one bad karata for en body, e fit rite divorce paper give di woman, den tell am
make e komot from en house. 2 Wen di woman komot di house, e fit
marry anoda man. 3 But if di sekond husband still get problem with di
same woman kon divorce am or di man die, 4 di first husband nor go marry am again, bikos di woman nor dey klean and dis tin nor dey good for God eye. Make una nor bring problem kom di land wey di Oga una God dey give una.

5 Make una nor put man wey just marry among di sojas or gi-am any oda work. E must dey free to spend one year for en house, so dat di wife go dey happy.

6 Wen una borrow pesin money, make una nor take en grindin stone as shorti, bikos dat na di only tin wey di family take dey chop.

7 If una katch pesin wey kidnap anoda Israel pesin kon dey trit am like slave or sell am, di pesin wey kidnap anoda pesin, must die. Like dis, una go remove bad-bad tins from among una.

### *Respet Human Being*

8 As una dey do as di priest sey make una do, make una dey kareful about
bad diziz. Make una obey all di kommand wey I don give una. 9 Make una
remember wetin di Oga una God do to Miriam as una dey kom out from Egypt.

10 If una borrow anytin give una neighbour, make una nor enter en
house kon take wetin e use as shorti. 11 Una go wait for outside den e go
enter en house go bring am for una. 12 If una neighbour na poor man and
e kon give una en klot as shorti for di money wey e borrow, make una nor
keep dat klot till di next day. 13 Make una take di klot go give who get am
wen evening rish, so dat en body go dey warm for nite and e go bless una, den di Oga una God go si una as pipol wey dey do good.

14 Make una nor opress poor pipol and doz wey dey work for una; weda
dem bi Israel pipol or strenjas wey dey stay with una. 15 Una must pay
dem for dia work evriday wen evening rish, bikos dem poor and dey wait
dat money. If una nor pay dem, dem fit kry give God and di sin go dey
una head.

16 Make una nor kill papa or mama, bikos of di sin wey dia shidren
kommit, or kill shidren bikos of wetin dia papa and mama do; if una go
kill pesin at-all, e must bi for en own sin.

17 Una must judge well for di strenjas wey dey with una; doz wey nor
get papa and mama and woman wey en husband don die. Make una nor
ever take dia klot as shorti for debt. 18 Make una always remember sey
una bi slave for Egypt, before di Oga una God kon save una. Na dis make
mi give una dis kommand.

19 Wen una harvest una plant kon leave some for di farm, make una nor
go back go gada dem. Make una leave doz ones for strenjas; doz wey nor
get papa and mama and doz wey dia husband don die, den di Oga una God
go bless una for all di work wey una dey do. 20 Wen una dey plok olive
fruit from en tree, di ones wey remain bilong to doz wey bi strenjas; wey
nor get papa and mama and doz wey dia husband don die. 21 Wen una dey
gada grape for una vineyard, make una nor go back again go gada wetin
remain; bikos doz ones na for doz wey bi strenjas; wey nor get papa and
mama and doz wey dia husband don die. 22 Make una remember sey una
bi slave for Egypt before and na dis make mi dey kommand una to do all
dis tins.

# 25

1 If two pipol kworel kon go kourt and di judge sey one dey rite and di
oda one dey wrong. 2 If di judge sey make dem flog di one wey dey wrong,
di judge go kommand am make e liedan for en front make dem flog am.
3 But make una nor flog pesin pass forty times, bikos if una flog am pass
forty times, den una don disgrace am bi dat.

4 Make una nor stop una melu make e nor chop wen e dey harvest for
una.

### *Respet Odas*

5 If two brodas dey stay togeda and one die and e nor get boy pikin, di
wife wey en husband don die must nor marry anoda man wey nor dey
dat family. Instead, di woman husband broda go marry am kon kare for
am. 6 Den di first boy wey di woman go born, go ansa dat one wey don
die name, so dat dem nor go forget di broda name for Israel.

7 But if di broda sey e nor go fit marry en dead broda wife, den make di
woman go ripot to di eldas for di town gate sey, “My husband broda sey
e nor fit keep en broda name for Israel; so e nor gri marry mi!” 8 Den di
eldas for di town go koll and tok to am. If e still sey, “I nor won marry
am,” 9 den di woman go waka go meet am for di eldas front kon remove
en sandal from e leg den spit for en face. Den di woman go sey, “Make dis
kind tin happen to any man wey nor gri keep en broda name for Israel!”
10 Den dem go dey koll en family, “Family wey dem pul di man sandal
komot en leg.”

11 If two men dey fight with hand and one wife kon join help en husband
attack di oda, den di woman use en hand take hold di oda man private
part, 12 una go kut di woman hand komot and make una nor sorry for am.
13 Wen una dey measure tins, una must measure well 14 and make una
get only one kontaina for una house to take measure. 15 Make una always
dey use di rite skale take measure, so dat una go get long life for di land
wey di Oga una God dey give una. 16 Doz wey dey measure with fake skale,
dey sin against di Oga una God.

### *Amalek Pipol*

17 Make una nor ever forget wetin Amalek pipol do una wen una just
dey kom out from Egypt. 18 Dat time, as una taya and dey hongry, bikos
dem nor dey fear God, dem attack una kon kill doz wey dey stagga dey
kom for back. 19 So wen di Oga una God don give una rest from all una
enemies for di land wey E promise una, una must distroy Amalek pipol
finish for dis world and nor of dem go remain.

# 26

### *First Fruit*

1 Wen una enter di land wey di Oga una God won give una as una own
and una don win evribody for der, 2 make una put some of di first fruits
and plant wey una harvest inside one basket kon bring dem kom di place
wey God don choose for woship and where dem go for honor en name.
3 Make una go meet di priest wey dey der for dat time kon tell am, "With
dis gift, wi won make di Oga awa God know sey wi don enter di land wey E
promise awa grand-grand papa sey E go give us." 4 Den di priest go take di
basket from una hand kon go put am for di Oga una God altar. 5 Den una
go sey, "Awa papa Jakob waka from Aramean go stay for Egypt as strenja.
En family for dat time, nor many, but wen dem dey komot Egypt, dem kon
plenty and dem bi strong pipol naw. 6 Wen Egypt pipol dey opress and
ponish us as dia slaves, 7 wi kry to God wey bi awa grand-grand papa God.
E hear awa kry kon si as wi dey sofa and as Egypt pipol dey ponish and
trit us. 8 So God take us komot from Egypt with en pawa, en strong hand
and all en pawaful signs and wonders. 9 Den E bring us kom dis place kon
give us dis land wey full with milk and honey! 10 And naw, awa God, wi
don bring di first fruit, plants and animal wey Yu give us for dis groun."
Make una put evritin for di Oga una God present, den bow woship am.
11 Afta una don woship am, una go celebrate bikos of all di good tins wey
di Oga una God don give una and una family, di Levi and di strenjas wey
dey stay among una.

### *Third Year Tithe*

12 Evry three years, una must offa special tithe for una plants. For dat
year, una must give una tithe to Levi pipol, di strenjas, doz wey nor get
papa and mama and wimen wey dia husband don die, so dat dem go dey si
food chop for di town. 13 Den for di Oga una God present, una go sey, "Wi
don take di holy gift from awa house kon gi-am to Levi pipol, di strenjas,
doz wey nor get papa and mama and wimen wey dia husband don die,
just as Yu kommand us. Wi neva forget and wi don do evritin wey Yu
kommand. 14 Even wen wi dey mourn, wi nor chop any one; wen wi nor

dey klean at-all, wi nor tosh am and wi neva offa any of am to dead body.
Wi don obey di Oga awa God and wi don do evritin wey Yu kommand
us. 15 Naw, make Yu look down from yor holy house for heaven kon bless
Israel wey bi yor pipol and di land wey Yu promise awa grand-grand papa
sey, Yu go give us. Di land wey full with milk and honey."

*God Pipol*

16 Today, di Oga una God don kommand una to obey all en laws and
rules. So make una dey sure sey una dey obey dem with all una heart.
17 Una don tok today sey na di Oga bi una God. And una don promise to
do wetin E tok and obey en kommand, laws, rules and to do evritin wey E
tell una. 18 Today, God don sey una bi en pipol, en betta gift wey E value
well-well, just as E promise, so una must obey en kommand. 19 If una obey
am, E go karry una high pass evry oda pipol wey E kreate. Den una go
get praiz, honor and evribody go dey tok good about una. Una go bi holy
pipol to di Oga una God, just as E promise.

# 27

*God Law For Stone*

1 Den Moses and di eldas for Israel kommand di pipol sey: "Make una
obey all di kommand wey I dey give una today. 2 Wen una cross Jordan
River kon enter di land wey di Oga una God dey give una, make una gada
some big stones kon pash dem. 3 Wen una don cross di river won kon
enter di land wey milk and honey full, wey di Oga dey give una, just as
una grand-grand papa God promise una, make una rite all dis kommand
put for di stones. 4 Wen una don cross Jordan River, make una gada di
stones for Mount Ebal kon pash dem, just as I dey kommand una today.
5 Den for der, make una build altar for di Oga una God and make una nor
use anytin take kut dem at-all. 6 Una go build di Oga una God altar with
betta stones; nor bi with ones wey dem kut, den una go offa burnt ofrin
for der give di Oga una God. 7 Una go still offa fellowship ofrin kon chop
dem for der as una dey happy for di Oga una God present. 8 Una must rite
all dis kommand for di stone and una go rite am as evribody go fit take si
am."

9 Den Moses and Levi priests kon tok to Israel pipol: "Israel pipol, make
una kwayet and listin! Today, una don bi di Oga una God pipol. 10 So una
must obey di Oga una God as una dey keep all dis kommand and laws wey
I dey give una today."

11 Dat day, Moses still tell dem:

12 "Wen una cross Jordan River, Simeon, Levi, Judah, Issakar, Josef and
Benjamin tribe must stand on-top Mount Gerizim kon bless di pipol. 13 And
Reuben, Gad, Asher, Zebulun, Dan and Naftali tribe go stand on-top Mount
Ebal kon curse any tribe wey nor follow God kommand.

14 "Den Levi tribe go shaut give Israel pipol sey:

15 'Anybody wey make juju or image to woship, na curse go follow dat
pesin, bikos juju wey human being dey make, na sin to God.

Den all di pipol go ansa, "Amen."

16 Anybody wey nor respet en papa and mama, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, "Amen."

17 Anybody wey tif en neighbour propaty or kut en neighbour land
join e own, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

18 Anybody wey go show blind man wrong road, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

19 Strenjas, pesin wey nor get papa and mama or wimen wey dia husband don die, if anybody nor judge dia kase well, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

20 Anybody wey sleep with en papa wife, na curse go follow am, bikos e nor gri honor en papa.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

21 Anybody wey go sleep with animal, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

22 Anybody wey sleep with en sista, weda na en papa or mama pikin, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

23 Anybody wey sleep with en wife mama, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

24 Anybody wey hide go kill en neighbour, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

25 Anybody wey kollect money to kill pesin wey nor do anytin, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.”

26 Anybody wey nor gri obey or keep dis law and kommand, na curse go follow am.

Den all di pipol go ansa, “Amen.” ’ ”

# 28

*Di Blessing*

1 If una really obey God kon keep en kommand wey I dey give una today,
di Oga una God go make una high pass all di pipol for di world. 2 Una go
get all dis blessings if una obey di Oga una God.

3 God go bless una towns and una fields.

4 God go bless una shidren and una plants. E go still bless una animals and dia pikin wey dem go born.

5 E go bless una basket and una plate.

6 Anywhere wey una go and anytin wey una dey do, God go bless am.

7 God go make una win una enemies wen dem attack una. Dem go from one side attack una, but dem go skata and run from una for seven side!

8 God go kommand blessing for una aria and for evritin wey una dey do; yes, E go bless una for di land wey E dey give una.

9 If una obey di Oga una God kommand kon do as E tok, E go make una
en holy pipol, just as E promise sey e go bi. 10 Den evribody for di eart
go si sey una bilong to God and dem go respet una. 11 God go make una
shidren, animal and plant many kon make una prosper for di land wey E promise una grand-grand papa sey, E go give una.

12 God go send rain from en rish store kom meet una for di rite time and E go bless all di work wey una dey do. Una go dey give to many kountries,
but una nor go ever borrow from dem. 13 If una listin well to di Oga una
God kommand and if una obey dem with kare, God go make una bi di head

and nor bi tail and una go always dey on-top and nor dey under. 14 Make
una nor turn from any of dis kommand wey I dey give una today or go
follow and woship oda gods.

### *Curse*

15 But if una forget di Oga una God and una nor gri obey en kommand
and laws wey I dey give una today, den all dis curse go kom meet una with
full force:

16 God go curse una towns and fields.

17 E go curse una basket and una plate.

18 God go curse una shidren and una plants. E go still curse una
animals and dia pikin wey dem go born. 19 Anywhere wey una go and
anytin wey una dey do, God go curse am.

### *Curse With Diziz*

20 Na God by ensef go send curse, problem, wahala, konfushon and E go
dey fight una for evritin wey una dey do, until una skata and die finish,
bikos of di wiked tins wey una dey do and bikos una don turn from am.
21 God go send diziz kom meet una, until nor of una go remain for di land
wey una go soon enter go stay. 22 God go kill una with bad diziz, fever,
sore, kro-kro and kold. Dis diziz go attack una until una die finish. 23 Di
sky on-top una head go strong like bronze and di eart under una leg go
strong like iron. 24 God go turn una rain wey dey fall for una land to
powder and san-san; e go fall on-top una until una die finish.

### *Una Go Sofa*

25 God go still allow una enemies beat una; una go attack dem from one
side, but una go run komot seven side, den all pipol for di eart go dey
fear bikos of wetin hapun to una. 26 Una dead body go bi food for di birds
for sky and for wiked animal for di eart and nobody go fit porshu dem.
27 God go ponish una with boil from Egypt, some part for una body go
swell-up, eczema, ring worm and kro-kro go full una body and dem nor
go fit cure una. 28 God go ponish una with madness, una eyes go blind and
E go konfuse una mind. 29 For aftanoon, una go dey find road to pass like
blind pipol and doz wey dey darkness and una go dey fail for evritin wey
una dey do. Pipol go always dey tif una tin and opress una and nobody go
save una.

30 Di woman wey una dey won marry, anoda man go rape am. Una go
build house, but una nor go fit stay inside. Una go plant vineyard, but una
nor go chop dia fruit. 31 Dem go kill una melu for una own eye, but una
nor go chop for inside. Dem go tif una donkey for una eye and dem nor
go bring dem kom back. Dem go give all una sheep to una enemies and
nobody go dey to save una. 32 God go give una shidren to oda pipol and
even as una dey look dis tins, una nor go get pawa to do anytin. 33 Strenjas
go kom chop di plants wey una sofa plant and dem go opress una still una
die. 34 All dis tins wey dey happen go make una mad. 35 God go make boil
wey dem nor fit cure, katch una knee and legs. In-short, di boil go kover
una from head go rish una leg.

36 God go karry una with di king go meet pipol wey una with una grand-
grand papa neva hear of before and una go serve and woship gods wey

dem make with wood and stone. [37] For di place where God go send una
go, una go bi disgrace among di pipol for di eart.

[38] Una go plant plenty seed, but na small tin una go harvest, bikos siti-siti
go chop evritin wey una plant. [39] Una go plant and kare for una vineyard,
but una nor go drink di wine or chop di grapes, bikos worm go distroy
evritin. [40] Una go plant olive tree for una land, but una nor go ever use di
olive oil, bikos di fruits go drop before e ripe. [41] Una go get shidren, but
dem go die finish, bikos dem go katch dem as slaves go anoda kountry.
[42] Wiked insect go distroy una trees and plants.

[43] Di strenjas wey dey among una go dey strong well-well, while una
go dey weak evriday. [44] Dem go dey borrow una money, but una nor go
borrow anybody. Dem go bi head and una go bi tail!

[45] If una nor gri listin to di Oga una God or obey en kommand and law
wey E give una, all dis curse go porshu una, until e distroy all of una. [46] Di
curse go bi sign against una and una shidren-shidren forever.

### *War Curse*

[47] Bikos una nor gri serve di Oga una God with betta heart and mind for
di good tins wey E do for una, [48] una go-go serve una enemies wey God go
send against una. Una go dey hongry; una nor go si wota drink or get klot
to wear and una nor go get anytin at-all. God go put load like iron for una
neck wey go press una well-well until e don distroy una.

[49] God go bring some pipol from far against una and dem go kill una like
vulture. And dem bi pipol wey una nor go undastand wetin dem dey tok;
[50] pipol wey wiked well-well and dem nor go respet una old pipol or pity
for una yong ones. [51] Dem go chop una animals pikin and una plants, den
dem go distroy una. Dem nor go leave any korn, new wine, olive oil or
animals for una and una go hongry die. [52] Dem go attack una towns until
all di strong walls, (di walls wey una trust sey go protet una) go fall rish
groun. Dem go attack all di towns for di land wey di Oga una God don
give una.

[53] Bikos of di honga and ponishment wey una enemies put una, una
go dey chop una own shidren wey di Oga una God give una. [54] Di man
among una wey kwayet pass, go turn kon attack en broda, en wife and en
shidren wey remain. [55] En own shidren flesh wey e dey chop, e nor go
give anybody as nor-tin dey to chop, bikos of di wahala and honga wey
di enemy put una for una own town. [56] Di woman wey dey kwayet and
gentol among una, wey nor go even put en leg for groun, bikos of how e
fine rish, go turn kon attack en husband and shidren [57] and e go chop some
since nor-tin dey to chop, bikos of di wahala and honga wey di enemies
put una for una own town.

### *Kovenant Curse*

[58] "If una nor gri obey my law, di tins wey dem rite for dis book or una
nor gri fear di Oga una God wonderful name, [59] God go make una and
una shidren-shidren ponishment many and di ponishment go tey well-
well. [60] E go give una all doz diziz wey una dey fear for Egypt and dem
go trobol una forever. [61] Di Oga una God go still ponish una with difren
sickness wey nor dey join dis ones and E go dey bring dem kom, until una
don die finish. [62] Even doh una many like di stars for sky, na only some

of una go remain, bikos una nor gri listin to God. 63 Just as e sweet God to
prosper and make una plenty, na so too God go dey happy to distroy una.
"E go remove una from di land wey una won enter go stay, 64 bikos God
go skata una among many kountries from one end for di eart go rish di
oda end. For der, una go woship gods wey una or una grand-grand papa
nor know before; gods wey dem make with wood and stones! 65 For dat
kountry, una nor go get peace or rest. And God go make una heart dey
fear; una eye nor go dey si well and una soul go dey worry. 66 Na so-so
fear una go dey fear both for day time and for nite, bikos una nor know
wen una go die. 67 For morning time, una go sey, 'If to sey na evening
wi dey' and for evening time, una go sey 'If to sey na morning wi dey!'
Dis na bikos, di kind tins wey una go dey si around una go make una dey
fear. 68 Den God go put una for ship kon send una go back to Egypt, to di
place wey E promise sey una nor go ever si again. Den for der, una go sell
unasef give una enemies as slaves, but nobody go gri buy una."

# 29

*God Kovenant*

1 Dis na di kovenant wey God kommand Moses sey make e make with
Israel pipol wen dem dey Moab, plus di kovenant wey E make with dem
for Mount Sinai.

*Dem Travel*

2 Moses gada evribody for Israel kon tell dem, "Una don use una own
eye take si evritin wey God do to Fero, all en savant and di whole Egypt.
3 Una eye don si en great judgement, signs and wonders. 4 But till today,
God neva make una undastand all dis tins or give una eyes wey fit si or
ear wey dey hear! 5 I karry una thru di wildaness for forty years, but una
klot or sandal nor tear. 6 Una nor chop bread or drink wine or any oda
drink, but E give una food, so dat una go know sey na-im bi di Oga una
God.
7 "Wen wi rish here, King Sihon for Heshbon and King Og for Bashan
kom fight us, but wi win dem. 8 Wi take dia land kon gi-am to Reuben,
Gad and half of Manasseh tribes as dia own.
9 "So make una obey di words wey dey dis kovenant, so dat e go betta
for una for evritin wey una dey do. 10 Today, all of una stand before di Oga
una God, di head for di tribes, una eldas, una ofisas, evry man for Israel,
11 una small pikin, wifes and di strenjas wey dey stay with una, plus doz
wey dey kut wood or karry wota, 12 so dat una go asept di kovenant wey
di Oga una God dey make with una today. 13 Today, God go sey una bi en
pipol and na-im bi una God, bikos na-im promise una and una grand-grand
papa Abraham, Isaak, Jakob. 14 Nor bi only una I dey make dis kovenant
with, 15 but na with all di pipol wey stand with una for di Oga awa God
present today, even with doz wey nor dey with us today.

*Disobey*

16 "(Una know how wi dey live awa life wen wi dey Egypt and how wi
take cross many nashons as wi dey travel. 17 Una si di bad tins and di
juju wey dem make with wood, stone, silva and gold.) 18 Make no man,
woman, tribe or family among una leave di Oga una God kon go woship

gods for oda kountries. Make nobody among una get any tree wey go bear
fruit wey bitter or fit kill.

19 “Make una make sure sey nobody among una wey dey hear dis tins
today, bilive sey evritin dey okay with am, even doh e nor dey hear pipol
word. Dis kind tin go skata all of una, weda una dey good or bad. 20 God
nor dey ready to forgive dat pesin. Instead, God vexnashon and jealousy
go raiz for di pesin and all di curse wey dey dis book go bi en own. 21 God
go pick and judge only di pesin from all di tribes for Israel akordin to all
di curse wey dey dis Law Book.

22 “En shidren-shidren wey go kom afta una, plus di strenjas wey go kom
from far place, all of dem go si di wahala for dat land and di sickness wey
God go send for dia head. 23 Fire and sulfur go kover di whole land. Dem
nor go fit plant for der and nor-tin go grow for der. E go bi like Sodom
and Gomorrah, Admah and Zeboiim, di towns wey God vex distroy. 24 Den
all di nashons go ask, ‘Wetin make God do all dis tins for dis land? Wetin
make God dey vex like dis?’

25 “Den di pipol go sey, ‘Na bikos dem nor gri obey di kovenant wey God
wey bi dia grand-grand papa God make with dem wen E bring dem kom
out from Egypt. 26 Dem kon go serve and woship oda gods wey dem nor
even know and God sey make dem nor woship doz gods. 27 Na dis tin make
God dey vex for dem well-well for dis land and naim make am ponish dem
with all di curse wey dey dis book. 28 So God don vex remove dem from
dia land kon karry dem go anoda land and evribody dey si as e bi today.’
”

29 Na di Oga awa God get all di sekret tins, but di tins wey E tell us, na
for wi and awa shidren-shidren forever, so dat wi go fit obey all di words
for dis law.

# 30

### *Turn Kom Meet God*

1 I don give una choice to choose between di blessing and di curse. Wen
all dis tins don happen to una and una dey stay for di nashons where di Oga
una God skata una go, una go remember di choice wey I give una. 2 If una
and una shidren-shidren turn kom meet God kon obey all en kommand
wey I dey give una today, with una heart and soul, 3 den di Oga una God go
sorry for una. E go bring una kom back from di kountries wey E bin skata
una go kon make una prosper again. 4 Even if una skata for evriwhere
for di eart, di Oga una God go gada and bring una kom back to una land.
5 Di Oga una God go take una enter di land wey E give una grand-grand
papa, so dat e go bi una own too. E go make una prosper and many pass
una grand-grand papa dem. 6 Di Oga una God go sekonsaiz una and una
shidren heart by ensef, so dat una go love am with all una heart and soul,
den una go get betta life. 7 But di Oga una God go put all dis curse for
una enemies head and doz wey dey won kill una. 8 Den una go obey God
vois kon keep all en kommand wey I dey kommand una today. 9 For all di
work wey una go do with una hand, God go make una prosper. Una and
una animals go get plenty pikin and una plant go produce plenty food.
Bikos God go dey happy to make una prosper, just as E dey happy wen
una grand-grand papa dey prosper. 10 Dis tin go happen wen una obey di

Oga una God vois kon keep all en law and kommand wey dem rite for di Law Book, bikos una don turn kom meet God with all una heart and soul.

*Life And Deat*

11 Di way wey I dey kommand una today, nor dey too strong for una and
e nor too mush. 12 E nor dey for heaven so make nobody sey, "Who go-go
heaven go bring di kommand kom for us, so dat wi go hear and do am?"
13 Di kommand nor dey for di oda side for di river, so una nor nid to ask,
"Na who go cross di river go bring am for us, so dat wi go hear and obey
am?" 14 But di word and kommand dey here with una. Una know am and
una fit read am, so make una obey am.

15 Make una know sey, "I dey give una choice between good and bad;
life and deat. 16 If una obey di Oga una God kommand wey I dey give una
today so, den una kon love di Oga una God; dey do as E tok; dey keep en rules, law and kommand, una go get long life kon dey many more-more and di Oga una God go bless una for di land wey una won enter as una own.

17 "But if una turn against God and E kommand kon dey woship juju and
oda gods, 18 I dey tell una today sey una go die! Una nor go stay tey for di land wey una dey cross Jordan River go take as una own.

19 "I koll heaven and eart make dem bi witness against una today sey, I don give una choice between life and deat, blessing and curse. So make
una choose life, so dat una with una shidren go get long life. 20 Den una
go love di Oga wey bi una God kon dey obey en vois and hold am strong, bikos God go give una long life for di land wey E promise to give una grand-grand papa Abraham, Isaak and Jakob."

# 31

*Joshua Lead Di Pipol*

1 Den Moses tell Israel pipol dis word. 2 "I don rish one hundred and
twenty years naw and I nor go fit still bi una leader again. God don tell
mi sey, 'Yu nor go follow dem cross Jordan River.' 3 Na di Oga una God
bi di Pesin wey go cross before una. E go distroy all di oda kountries for una and una go porshu dem komot. Oga God sey na Joshua go lead una
cross Jordan River. 4 God go ponish dis kountries just as E do to Amor pipol
kings, Sihon and Og kon distroy dia land. 5 God go put dem for una hand
and na wetin I kommand una, una must do to dem. 6 Make una dey strong
and make una heart nor shake; make una nor fear dem at-all, bikos na di Oga una God dey go with una. E nor go leave or forget una."

7 Den Moses koll Joshua kom out for all di pipol present kon sey, "Make yu dey strong and make yor heart nor shake, bikos na yu go lead dis pipol go di land wey God promise dia grand-grand papa and na yu go make dem
get am. 8 God go-go for yor front. E go dey with yu; E nor go leave or forget
yu. Make fear nor katch yu and make di work nor taya yu."

*Dem Read Di Law*

9 Moses rite all dis law kon gi-am to di priest, Levi shidren wey karry
God Kovenant Box and e still give di law to all di eldas for Israel. 10 Moses
kommand dem: "For di last day for evry seven years, for di rite time for di year wey dem dey kansol pipol debt, durin di time wey dem dey do Shelta
First, 11 wen Israel pipol go kom before di Oga una God for di place wey E

choose, yu must read dis law for dem make dem hear. 12 Make una gada
all di pipol: men, wimen and shidren, plus all di strenjas among una, so
dat dem go hear, learn and know how to fear di Oga una God kon obey all
en law. 13 Den dia shidren wey know di law, go still hear, learn and fear di
Oga una God as long as una dey di land wey una dey cross Jordan River
go stay."

### *Moses Bless Joshua*

14 Den God tell Moses, "Di time wey yu go die don near well-well. Make
yu koll Joshua kom di Tabanako, so dat I go fit tell am wetin e go do." So
Moses and Joshua go di Tabanako where di pipol gada put.

15 God appear to dem like kloud for di door-mot. 16 Den God tell Moses,
"Yu go soon die, den di pipol go kon dey sin with strenj gods for di land
where dem dey go. Dem go rijet mi kon break my kovenant wey I make
with dem. 17 For dat time, I go vex for dem well-well kon leave and hide
my face from dem until dia enemies kill dem finish. Many wahala and
trobol go ovakom dem and dem go sey, 'Dis wahala don finish us, bikos
God no dey with us again.' 18 But dat time, I go really hide my face, bikos
of all di wikedness wey dem don do as dem dey serve oda gods.

19 "But make yu rite dis song for yorsef kon tish evribody for Israel.
Make sure sey dem know am, so dat dis song go bi my witness against dem!
20 Bikos afta I don bring dem kom di land wey I promise dia grand-grand
papa; di land wey get milk and honey; where dem go chop beleful kon get
body, dem go turn go serve anoda god kon rijet and break my kovenant.
21 Den wen wahala and sofa fall for dia head, dis song go bi witness against
dem, bikos dia shidren-shidren nor go forget am. I know wetin dem dey
tink for dia mind today, even before I take dem go di land wey I promise
dem." 22 So for dat day, Moses rite di song kon tish evribody for Israel
23 and God kon make Joshua, Nun pikin leader for Israel sey, "Make yu
dey strong and nor fear, bikos yu go take Israel, my pipol go di land wey I
promise dem and I go dey with yu."

### *To Disobey God*

24 Wen Moses rite finish for dia present, 25 e kon kommand Levi pipol
wey dey karry God Kovenant Box sey, 26 "Make una take di Law Book kon
put am near di Oga una God Kovenant Box. E go dey der as witness against
una, 27 bikos I know as una sturbon rish. True-true, as I stay among una
kon rish today, una still dey disobey God; so how una sturbones go kon bi
wen I don die? 28 Make all di tribes kom meet mi; una eldas and ofisas, so
dat I go tok to dem by mysef about dis tins kon koll di heavens and eart
to bi witness against dem. 29 Bikos I know sey wen I don die, una go spoil
unasef kon turn from dis way wey I kommand una. Wahala go kom meet
una dat time, bikos una don do bad tins wey go make God vex."

30 Den Moses sing di words for di song from biginnin go rish di end, so
dat evribody wey dey Israel, go hear am.

## 32

### *Moses Song*

1 Heavens make una listin to mi as I dey tok;
eart make una listin to di words wey I won tok so.
2 Make wetin I dey tish una, fall on-top una like rain;

make wetin I dey tok bi like dew for morning.
Make my words fall like rain on-top grass
and make e bi like shawa on-top plant wey just dey grow.
3 Bikos I go tok about God name
and how E dey strong!
4 Na-im bi di Rock;
evritin wey E dey do dey korrect,
bikos wayo nor dey en tins.
En na God wey pesin fit bilive,
bikos E nor just dey judge pipol anyhow.
5 En pipol nor dey respet or fear am;
dem nor dey bihave like en shidren
and na dis bi dia sins.
Dem wiked well-well
and na lie-lie full dia generashon.
6 Dis pipol wey nor get sense at-all,
na like dis una won take pay God?
Nor bi en bi una papa wey kreate una?
Na-im kreate and make una strong.
7 Make una remember as e bi before,
make una tink about di generashon wey don pass.
Make una ask una papa and una eldas
and dem go tell una evritin.
8 Wen di God of all ogas give di nashons dia propaty;
wen E divide evry human being,
E give di pipol where dem go stay rish,
akordin to di nomba wey dey for heaven.
9 Na God get di pipol for Israel;
na Jakob bi en special propaty.
10 Na empty dirty land for wildaness E for si dem.
E dey look and guide dem for evry korna;
E dey guide dem as pipol wey E love well-well.
11 Just as di eagle dey wosh en house
kon kover en shidren,
na so too God spread en feada
kon karry dem go up.
12 Na God dey guide dem by ensef,
e nor get any oda god wey dey with am.
13 E allow dem travel pass di high place for di land
kon chop from di plants wey dey di field.
E use honey from di rock
and olive oil from strong groun take kare for dem.
14 E feed dem with milk from di animals
and with di fats wey dey lamb body.
E give dem betta ram and goat form Bashan,
plus fine-fine food.
Una don drink di wine
wey sweet pass wey dem make from grape.

### *Israel Sin*

15 But Israel pipol kon fat and wiked more-more.
Di pipol kon heavy, round and tick for body!

Dem forget God wey kreate dem;
den kon rijet di Rock wey bi dia salvashon.
16 Dem make am jealous,
bikos dem dey serve juju and oda gods.
17 Instead make dem sakrifice give God,
dem dey sakrifice give juju
and gods wey dem nor know;
new gods wey dem just si,
even gods wey dia grand-grand papa
dem nor know about.
18 Dem don forget di Rock wey bi dia papa
and di God wey kreate dem, nor dey dia mind again.

### *Judgement*

19 So wen God si all dis tins,
E vex bikos en shidren dey disobey am.
20 God sey, "I go rijet dem,
I go si wetin go happen to dem;
bikos dis generashon dey show sey dem too know
and dem nor get sense.
21 Dem don make mi dey vex
for di gods wey dem dey serve;
dem don make mi dey vex well-well
with tins wey nor mean anytin:
So, I go make dem jealous doz wey nor bi human being:
I go make dem vex well-well for kountry wey nor get sense.
22 Bikos my vexnashon don kause fire
and e don burn rish di part wey deep pass for di grave
kon distroy di eart and en plants,
den e skata di mountins foundashon.
23 I go inkrease dia wahala,
I go use all my arrow for dia body.
24 Honga go kill dem,
betta sofa go worry dem.
I go send wiked animal
and bad snakes go chop dem.
25 Di swod go bring deat for outside and for inside,
fear go kill both men and wimen;
small pikin and di ones wey don big.

### *Oda Gods Nor Get Pawa*

26 "I sey, 'I won kut dem to pieces.
I won make pipol forget dem forever.
27 But I nor go like how di enemies go si am,
bikos dem nor go undastand
and dem go sey, wi too get pawa
and nor bi God do all dis tins!' "
28 Dem bi pipol wey nor get sense
and dem nor fit undastand at-all.
29 How I wish sey dem get sense and fit undastand dis tins
or know wetin go happen to dem.
30 How one pesin go fit porshu 1,000 among dem
and two pipol porshu 10,000;

if nor bi sey dia Rock sell dem
and dia God give dem to dia enemies?
31 Bikos awa enemies rock nor bi like awa Rock
and even awa enemies know sey na so e bi.
32 Dia vine na from Sodom and Gomorrah field.
Dia grape get poizin and e bitter well-well.
33 Dia wine na snake poizin
and e bad like kobra own.
34 God sey, "I nor dey keep all dis tins
among di tins wey I value?
35 I go revensh and pay dem back wen dem go fall,
bikos di day wen wahala go kom meet dem,
don near well-well
and dia judgement don almost full!"
36 God go judge en pipol
and E go shange en plan about en savant;
wen E si sey dia pawa don vanish
and nobody remain again,
weda na slave or free pesin.
37 E go sey, "Where una gods,
di rock wey una bilive sey, e go guide una,
38 wey dey chop di best for una sakrifice
kon drink di wine for una drink ofrin?
Make dem raiz naw kom help una;
make dem kon save and guide una!"

### *God Na God*

39 God sey, "Na Mi, bi Mi!
And e nor get any oda god escept Mi.
I dey kill and give life,
I dey make pesin sick and heal pesin too
and nobody go fit fight mi.
40 Bikos I raiz my hand go heaven kon sey,
'As long as I dey forever,
41 I go make my lite sharp like swod
and my hand go hold di judgement swod well-well;
I go revensh doz wey make mi vex
kon pay doz wey hate mi!
42 I go make my arrow full with blood
and my swod go distroy pipol flesh,
doz pipol wey I katch and kill
and even di enemies oga blood!' "
43 My pipol, make una happy,
bikos God go fight for en savant;
E go pay en enemies back
kon sorry for en pipol and dia land.

### *Moses Final Word*

44 Den Moses go with Joshua, Nun pikin kon sing all di word for di song
give di pipol. 45 Wen Moses don sing di song give Israel pipol, 46 e kon tell
dem, "All dis words wey I dey tell una today, make una keep am for una
mind; una must kommand una shidren to obey all dis law and kommand.
47 All dis nor bi ordinary word, but dem dey give life! Wen una obey dis

word, una go get long life for di land wey una go soon cross Jordan River enter."

### *About Moses Deat*

48 Dat same day, God tell Moses, 49 "Make yu go Abarim hill kountry for
Mount Nebo (where bi Moab land opposite Jeriko) den look Kanaan land
wey I won give Israel pipol as dia own. 50 Yu go die for dat mountin wey yu
go klimb kon go join yor grand-grand papa dem, just as Aaron yor broda
die on-top Mount Hor kon join en grand-grand papa, 51 bikos di two of
una sin against mi for Israel pipol front for Meribah Kadesh wota for Zin
wildaness, wen yu nor respet mi as yu suppose to. 52 Yu go si di land, but
yu nor go enter di land wey I dey give to Israel pipol."

# 33

### *Moses Bless Di Pipol*

1 Dis na di blessing wey Moses, God savant bless Israel pipol before e die:

2 "God kom from Mount Sinai and E show ensef to Israel pipol for Seir;
E shine kom from Mount Paran and E kom with 10,000 holy ones.
Na en rite hand E take give dem en law.
3 Yes! God really love en pipol;
all doz wey dey holy dey en hand.
Dem waka as E dey waka
kon do di tins wey E tish dem.
4 Moses give us God kommand,
di special place wey E keep for en pipol, Israel.
5 Na God bi king for Israel
wen all di leader among di pipol go gada go meet
kon gada all di tribe for Israel as one."

6 Moses pray for Reuben tribe sey:
"Reuben tribe go live and dem nor go die,
even doh dem nor plenty."

7 Moses pray for Judah tribe sey:
"My God, make Yu hear Judah pipol kry
kon bring dem togeda as one.
Make Yu give dem pawa to take fight
and win dia enemies!"

8 Moses pray for Levi tribe sey:
"My God, Yu don give yor Tumin and Urim
to doz wey dey fear and respet Yu.
Doz wey Yu don test for Massah
kon follow dem kworel for Meribah wotaside.
9 Dem tell dia papa and mama sey,
'Wi neva si am'
and e nor do like sey e know us
or en own shidren,
bikos dem keep yor word
kon guide yor kovenant.
10 Dem go tish Jakob yor law
kon tish Israel pipol yor kommand:
dem go offa betta incense for Yu
kon burn good ofrin for yor altar.

11 Make wi bless God strent
and di work wey E don do;
bikos E kill di enemies lion,
so dat dem nor go fit raiz at-all!”
12 Moses pray for Benjamin tribe sey:
“God love Benjamin pipol and
dem dey save under am.
E dey gada dem from evry side,
so dat nor-tin go do dem.”
13 Moses pray for Josef tribe sey:
“Make God bless una land with rain
and with wota wey dey kom from under di groun.
14 Make betta-betta fruit wey dey grow
under di sun dey una land
and di fruit for di sizin go bi una own.
15 Make betta fruits kover
una hills and mountins.
16 Make good tin full una land
and na God goodness go bless dem,
bikos na-im tok from di bush wey dey burn.
Make dis blessing kom meet Josef tribe,
bikos na-im bi leader among en brodas.
17 Josef get bull strent
and wiked melu horn.
E go rule pipol kon porshu dem
rish di end for di eart.
Dis na my blessing for Efraim
and Manasseh pipol.”
18 Moses pray for Zebulun and Issakar tribe sey:
“Zebulun pipol go prosper as dem dey travel.
Make Issakar pipol prosper for dia house.
19 Dem invite strenjas kon dia mountin
kon offa di rite sakrifice for der.
Dem get dia money from di sea
and di wotaside.”
20 Moses pray for Gad tribe sey:
“God go bless una wey make en land wide!
Gad pipol bi like lion wey won tear pesin hand
or head komot from en body.
21 Gad pipol take di best land for diasef;
dem give dem di leadership.
Wen Israel pipol leaders don gada,
na Gad pipol dey first obey God kommand
and rules for Israel.”
22 Moses pray for Dan tribe sey:
“Dan pipol bi like yong lion
wey dey kom out from Bashan.”
23 Moses pray for Naftali tribe sey:
“Naftali pipol, favor go follow una
and God don bless una well-well;
make una kollect di west
and sout as una own.”

24 Moses pray for Asher tribe sey:
"Make God bless Asher pipol pass evry oda sons;
make en brodas karry am high
and Asher pipol go dey wosh dia own legs
with olive oil.
25 Una gate key go bi iron and bronze
and God go guide una forever.
26 Israel pipol, no god bi like una God.
E dey kom help una from heaven
and di sky with en wonderful pawa.
27 Na di God wey go dey forever
bi una guide and provida.
En hand wey go dey forever,
dey support una.
E drive all una enemies kon sey
make una distroy dem!
28 So Israel pipol go stay for peace,
Jakob pipol go prosper for di land
wey get food and wine
and dew go drop from heaven.
29 Israel pipol, si as una dey happy!
Who bi like una?
Una bi pipol wey God diliver,
bikos na God dey protet una
and na-im bi una swod.
Make una enemies kry before una
and una go mash dia back pass."

# 34

*Moses Die*

1 Den Moses komot from Moab Wildaness kon go Mount Nebo until e
rish on-top Pisgah mountin, opposite Jeriko. God show am all di land from
Gilead go rish Dan, 2 plus Naftali Efraim, Manasseh and all Judah land go
rish di sea for far. 3 God show am Negev and di valley for Jeriko; di town
wey get palm tree and Zoar land. 4 Den God tell Moses, "Dis na di land
wey I promise Abraham, Isaak and Jakob wen I sey, 'I go give dis land to
yor shidren-shidren.' I don let yu si am, but yu nor go cross enter."
5 So Moses wey bi God savant kon die for Moab land, just as God bin tok.
6 God beri am for Moab land near Bet-Peor, but kon rish today, nobody fit
sey, "Na here or na der God beri Moses put." 7 Moses na one hundred and
twenty years wen e die, but en eye still klear and e still strong like yong
boy. 8 Israel pipol mourn for Moses for thirty days inside Moab wildaness;
den dem kon stop to mourn for Moses.

*Joshua Take-ova*

9 Naw, Nun pikin, Joshua get wisdom well-well, bikos Moses don pray
for am. So Israel pipol dey obey Joshua and dey do God kommand wey E
give dem thru Moses.

10 E nor ever get any oda profet for Israel wey bi like Moses, wey si God
face-to-face. 11 God send am go do many signs and wonders for di king for

Egypt, en ofisas and for di whole land. 12 E nor get any oda profet wey don
fit do all di strong and mighty tins wey Moses do for Israel pipol present.

# Joshua

## Introdushon

Joshua na di nomba six book for di Bible and e tok about di period from di time wey Moses die go rish wen God take Israel pipol enter di land wey E promise dem and na Joshua bi dia leader. Dem name dis book follow di main pesin wey bi Joshua wey take-ova from Moses. Joshua mean "Na God dey Save." Di book still show how God take fulfil en promise to Israel pipol wen E give dem Kanaan land as dia own. Di book still diskribe how Israel pipol struggol to keep di kovenant wey dem make with God or obey di God wey bring dem kom di land. E still tok about how Israel pipol take divide di land akordin to di tribes. But since some places still remain, Joshua tell all di tribes sey make dem try take evriwhere for di land. E still make di pipol renew di kovenant wey dem make with di Oga dia God.

*God Choose Joshua*

1 Afta Moses, God savant don die, God kon tell Joshua wey bi Nun pikin
wey bin dey help Moses sey, 2 "My savant Moses don die. So make yu get
ready to cross Jordan River! Make yu take dis pipol enter di land wey
I don promise to give dem. 3 Anywhere yor leg tosh, I don gi-am to yu,
just as I promise Moses. 4 Una land go start from di wildaness wey dey
sout for Lebanon go rish di nort. E go rish di great Eufrates River for east
(plus evriwhere for Siria) and from der go Mediterranean Sea for west.
5 Nobody go fit stop yu still yu die. I go dey with yu as I dey with Moses. I
nor go forget or leave yu.
6 "Make yu dey strong and get heart! Yu go lead dis pipol go win di land
wey I don promise dia grand-grand papa sey, I go give dem. 7 Make sure
sey yu dey strong well-well and yu get heart! Make yu dey obey all di law
and kommand wey my savant Moses give yu! Nor do dem anyhow, den
yu go prosper for evritin wey yu dey do. 8 Dis law wey God give yu must
nor komot from yor mout! Yu must dey read and tink of am evriday and
nite, so dat yu go fit obey evritin wey dey inside. Den yor way go dey rite
and evritin go betta for yu. 9 I dey tok again, so dat yu go dey strong kon
get heart! Make yu nor fear or shake, bikos mi wey bi di Oga yor God, I
dey with yu for evritin wey yu dey do."

*Joshua Ready For War*

10 Joshua tell di leaders: 11 "Make una go di kamp kon tell evribody sey,
'Make una dey ready bikos like three days from naw, una go cross Jordan
River kon bigin fight for di land wey di Oga una God won give una.' "
12 Joshua kon tell Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe
sey: 13 "Hope una remember wetin God savant Moses kommand una? Di
Oga una God go give una where una go stay and E dey give una dis land as
una propaty. 14 Una wifes, shidren and animal fit dey di land wey Moses
give una for Jordan River east, but all una sojas must cross go fight first.
Una must help una pipol 15 until God don give una brodas where dem go
stay like una and until una win di land wey di Oga una God don sey E go
give dem. Den una fit go back to una place wey Moses, God savant don
give una for Jordan River east." 16 So dem ansa Joshua, "Wi go do evritin

wey yu tok and wi go-go evriwhere wey yu send us go. [17] Just as wi obey
Moses, na so wi go obey yu too. Make di Oga yor God dey with yu as E dey
with Moses.
[18] "Anybody wey won show sey e sturbon and e nor gri do wetin yu
kommand, wi go kill-am. But make yu dey strong kon get heart!"

# 2

### *Joshua Send Pipol Go Spy Jeriko*

[1] Joshua kon send two pipol from Shittim kamp go spy Kanaan land
especially Jeriko town. Wen dem rish di town, dem kon go sleep for one
ashawo house and di ashawo name na Rahab.
[2] Jeriko king hear sey some pipol from Israel don kom spy di town, [3] so
e send pipol go tell Rahab sey: "Di pipol wey dey yor house won spy dis
town! So make yu bring dem kom out!"
[4] But di woman hide di two men kon ansa, "Yes, dis men really kom my
house, but I nor know where dem from kom. [5] Wen time rish to klose
di town gate for nite, di men kon go. I nor even know where dem dey
go. Make una kwik-kwik porshu dem and una go katch dem!" [6] (Naw, di
woman don hide dem for di roof kon put dem under di tins wey dey der.)
[7] Di king men kon find di men go di road where dem dey pass go Jordan
River. As dem just kom out bigin porshu di men, di gateman kon lock di
town gate.
[8] So before di two spy go sleep, Rahab klimb go meet dem for di roof [9] kon
tell dem, "I know sey God go give una dis town. Wi dey fear una well-well
and evribody wey dey stay di town dey shake bikos of una. [10] Bikos wi
hear as God dry di Red Sea for una wen una komot from Egypt and how
una handle di two Amor kings wey bi Sihon and Og, for di oda side for
Jordan River. [11] Wen wi hear di news, fear katch us and wi kon dey tink
sey wi go die wons wi si una. Bikos di Oga wey bi una God, na God for
heaven, eart and evritin wey dey under di eart! [12] So make una promise
and swear with God name sey, bikos I dey good to una, una go dey good
to mi and my family. Make una promise sey [13] una nor go kill my papa,
mama, brodas, sistas and evritin wey bi my own."
[14] Di men kon tell am, "Wi swear with awa life sey, nor-tin go happen to
yu! If yu nor tell anybody wetin wi kon do for here and God give us dis
town, wi go sorry for yu and evritin wey bi yor own."
[15] Den Rahab use rope take drop dem thru window. (Dem build Rahab
house join di wall for di town and na der e dey stay.) [16] Rahab tell dem,
"Make una run go di kountry for di hill, so dat who dey porshu una nor
go si una and make una stay der for three days. By dat time, pipol wey
dey porshu una go don kom back, den una fit go una own."
[17] Di men kon tell am, "Di promise wey wi promise nor go do us anytin
unless sey yu do as wi sey make yu do: [18] Wen wi attack dis land, make
yu tie dis red rope for di window wey yu for allow us kom down, den go
pak all yor family enter yor house and evribody where dey stay yor papa
house. [19] Anybody wey kom out from yor house, na-im kill ensef bi dat, so
dat one nor go bi awa fault! But if anytin happen to anybody inside yor
house, den make yu blame us. [20] But if yu tok wetin wi kom do for here,
di swear wey wi swear, don skata bi dat."

21 Rahab kon sey, "I gri with evritin wey una tok." E tell dem where dem
go pass kon tie di red rope for di window.
22 Dem go di kountry for di hill kon stay der for three days and all di
pipol wey dey porshu dem, kon go back. Jeriko men look evriwhere, but
dem nor si dem. 23 Den di two men kom down from di hill, cross di river
go meet Joshua wey bi Nun pikin kon tell am evritin wey dem don si and
know. 24 Dem tell Joshua, "True-true, God don really give us di land, bikos
evribody wey dey stay di land dey fear us well-well!"

# 3

*Israel Cross Jordan River*

1 As sun dey shine di next morning, Joshua and Israel pipol komot from
Shittim go Jordan River. Dem stay der before dem cross di river. 2 Afta
three days, di leaders bigin waka round di kamp 3 kon kommand di pipol
sey: "Wen una si Levi priest karry una Oga God box wey di kovenant dey
inside, una must follow dem for back. 4 But una go give dem gap wey rish
3,000 fit. Make una dey wosh, so dat una nor go dey klose to di Kovenant
Box. Na dem go show una road, bikos una neva travel pass der before."
5 Joshua tell di pipol, "Make una go klean unasef, bikos for dis time
tumoro, God go do strong mirakle among una."
6 Joshua tell di priest, "Make una karry di Kovenant Box dey go for di
pipol front." So dem karry di Kovenant Box kon dey go for di pipol front.
7 God tell Joshua, "From today go, I go start to honor yu among Israel
pipol, so dat dem go know sey I dey with yu, just as I dey with Moses. 8 Tell
di priests sey make dem karry di Kovenant Box and wen dem don rish di
wotaside for Jordan River, make dem waka enter di wota small."
9 Joshua tell Israel pipol, "Make una listin to wetin di Oga una God dey
tok!" 10 Joshua sey, "Na like dis una go take know sey, God wey nor dey
die dey with una and E go really porshu Kanaan, Hit, Hiv, Periz, Girgash,
Amor and Jebus pipol komot for una. 11 Si! Di Kovenant Box wey bi di Oga
God for di whole eart own, don dey ready to enter Jordan River before
una. 12 Naw, make una choose twelf men from di tribes for Israel, one
pesin from each tribe. 13 Di priests wey karry God wey dey rule di whole
world Kovenant Box, as dia leg tosh di wota for Jordan River, dat place go
divide for una."
14 So di pipol leave dia kamp kon waka dey go cross di river and di
priests wey karry di Kovenant Box dey waka for dia front. 15 Wen doz
wey karry di Kovenant Box rish di river kon enter di wota (Jordan River
dey rush well-well, bikos na harvest time dem dey), 16 di wota wey dey
rush, just stop. E gada go up for one town wey dem dey koll Adam (Adam
dey near Zaretan) and no wota rush kom from der again go rish Arabah
Sea (Di Salt Sea). Di pipol cross di river wey face Jeriko. 17 For Jordan River
centre, di priests wey karry di Kovenant Box, stand well for dry groun. All
di pipol for Israel cross pass for dry groun until evribody for di kountry
cross finish.

# 4

*Dem Karry Stone From Di River*

[1] Wen dem don cross finish, God kon tell Joshua, [2] "Selet twelf men from
di pipol, one from each tribe. [3] Den yu go tell dem sey, 'Make una pick twelf
stones from Jordan River centre, di very place where di priests stand put.'
Den, dem go karry di stones follow yu and yu go put am for di place where
una go stay dis nite."

[4] Joshua koll di twelf men wey e choose from each tribe [5] kon tell dem,
"Make una go for di Oga una God box front wey dey Jordan River centre.
Each of una go put one stone for shoulder akordin to di tribes for Israel.
[6] Di stones go make una dey remember dis tin wey happen and wen una
shidren-shidren ask sey, 'Wetin make dis stones dey important to una?'
[7] den make una tell dem how Jordan River take stop to rush, bikos of God
Kovenant Box. Wen di box cross Jordan River, di wota stop to rush. Dis
stones go make Israel pipol dey always remember wetin happen."

[8] So, Israel pipol do wetin Joshua tell dem. Dem pick twelf stones from di
river centre, akordin to di tribes for Israel, just as God kommand Joshua.
Dem karry dem go di kamp kon put am for der. [9] For di river centre where
di priests wey karry di Kovenant Box stand put, Joshua kon put twelf stones
for der. Di stones still dey der still today.

[10] Naw, di priests wey karry di Kovenant Box stand for Jordan River
centre until di pipol do evritin wey God kommand, just as Moses tell
Joshua. Di pipol cross kwik-kwik [11] and wen di pipol don cross finish,
di Kovenant Box and di priest kon cross too. [12] Na Reuben tribe, Gad tribe
and half of Manasseh tribe first cross, bikos na dem go first attack for
war, just as Moses kommand. [13] E rish 40,000 strong sojas wey mash dey
go fight for Jeriko field and God dey with dem.

[14] Dat day, God give Joshua honor for Israel pipol front. Dem respet am
till e die, just as dem bin respet Moses.

[15] God kon tell Joshua, [16] "Make yu tell di priests wey karry di Kovenant
Box make dem komot from Jordan River."

[17] So Joshua tell di priests, "Make una kom out from Jordan!"

[18] Di priests wey karry di Kovenant Box kon komot from di river centre
and as dem just enter dry land, di wota for Jordan kon start to rush well-
well again.

[19] Di pipol cross Jordan River for di tent day for di first mont kon stay
for Gilgal wey dey di east side for Jeriko borda. [20] Di twelf stones wey
Joshua take from Jordan River, e arrange dem for one place for Gilgal.
[21] Joshua tell Israel pipol, "Wen una shidren-shidren ask sey, 'Wetin dis
stones mean?' [22] Make una tell dem, 'Na wen Israel pipol cross Jordan
River for dry groun.' [23] Di Oga una God dry Jordan River for una and una
waka pass, just as E dry di Red Sea make wi waka pass. [24] E do am make all
di kountry for eart know sey na God get all di pawa, so una must always
obey di Oga wey bi una God."

# 5

[1] Wen Amor pipol kings for Jordan River west and Kanaan kings wey dey
near di wotaside for Jordan River hear how God take dry Jordan River for
Israel pipol make dem waka pass, dem kon bigin fear well-well.

*New Generashon*

2 For dat time, God kon tell Joshua, “Make yu use stone take make knife
kon sekonsaiz Israel pipol again.” 3 So Joshua make di knife kon sekonsaiz
dem for where dem dey koll Sekonsishon Hill.

4 Joshua sekonsaiz dem, bikos all di men wey old rish to fight wen den
komot from Egypt, don die for di desert. 5 Naw, doz wey dem sekonsaiz, na
shidren wey dem born for di desert afta dem komot from Egypt and dem
neva sekonsaiz at-all. 6 True-true, na forty years Israel pipol take travel
pass di desert, so all di men wey dey fight wen dem komot from Egypt don
die finish for di desert, bikos dem disobey God and God don swear sey as
dem disobey am, E nor go let dem si di land wey E don promise to give
dem; di land where milk and honey full. 7 God replace dem with dia sons
wey Joshua sekonsaiz. Dem neva sekonsaiz dem before; dia papa nor fit
sekonsaiz dem for road. 8 Wen dem don sekonsaiz all of dem, dem kon
stay di kamp until dia body dey okay.

9 God tell Joshua, “Today, di disgrace wey una karry kom from Egypt, I
don remove am from una head.” So na Gilgal dem dey koll dat place kon
rish today.

10 Israel pipol stay for Gilgal and dem celebrate di Passova for Jeriko field
for evening for di fourteent day for di mont. 11 Di day afta di Passova, Israel
pipol chop some food wey grow for di land, plus bread wey nor get yist
and rice wey dem roast. 12 From di day wey dem chop di food wey grow
for di land, manna kon stop to fall. So, Israel pipol nor chop manna again.

### *Israel Win Jeriko*

13 Wen Joshua don near Jeriko, e look up kon si one man stand for en
front and di man hold swod for hand. Joshua waka go meet am kon ask,
“Yu dey with us, abi yu dey against us?”

14 Di man ansa, “Na mi bi di oga among God sojas for heaven. Naw I don
kom!” Joshua fall face groun kon sey, “Wetin my oga won tell en savant?”

15 Di oga among God sojas for heaven kon tell Joshua, “Make yu pul yor
sandals, bikos di place wey yu stand put so, dey holy.” So Joshua do as di
man kommand am.

# 6

1 Naw, dem lock and dey guide Jeriko gate, so dat Israel pipol don go fit
attack am. Dem nor gri make anybody enter inside or go outside.

2 God kon tell Joshua, “Si, I won distroy Jeriko for una, plus di king and
en sojas. 3 Make una sojas mash round di town ones and make una do
like dat for six days. 4 Make yu tell seven priests make dem karry seven
ram horn for di box front, den for di sevent day, make una mash round
di town seven times, while di priests go dey blow di trumpet. 5 Wen una
hear di trumpet sound, make di sojas shaut for war and di town wall go
fall rish groun, den una go attack am.”

6 So Joshua wey bi Nun pikin kon koll and tell di priests, “Make una
karry di Kovenant Box and seven priests must karry seven ram horn for
di Kovenant Box front.” 7 So e tell di sojas, “Make una waka for front kon
mash round di town, while many sojas go dey waka for di Kovenant Box
front.”

8 Wen Joshua orda en sojas, di seven priests karry di ram horn for God
present for front kon bigin blow di horn as God Kovenant Box dey follow

dem for back. 9 Many sojas dey mash for front of di priests wey dey blow
di horn, while di oda guards dey mash follow di box for back dey blow
ram horn too. 10 Naw, Joshua tell di sojas, “Make una nor shaut or make
nois; make una nor tok anytin until di day wey I go tell una sey make una
shaut or make nois!” 11 So Joshua make sure sey dem karry di Kovenant
Box round di town only ones a day. Den dem go back go sleep for dia
kamp.

12 For early morning di next day, Joshua and di priests karry di Kovenant
Box. 13 Di seven priests wey karry di seven ram horn for di Kovenant Box
front, mash dey blow di horn round di town. Many sojas dey mash for dia
front, while di oda guide dey follow for back and dem dey blow dia horn
too. 14 Dem mash round di town ones for di sekond day, den dem go back
to dia kamp. Dem do like dis for six days.

15 For di sevent day, dem wake-up for early morning kon mash round
di town as before, but dis time, dem mash round am seven times. 16 Wen
di sevent time rish, di priests kon blow di ram horn and Joshua kon tell
di sojas, “Make una shaut for war, bikos God go give dis town to una!
17 Di town plus evritin wey dey inside go bi God own, escept Rahab wey bi
ashawo and evribody wey dey with am for inside en house, bikos e hide
awa pipol wey go spy di town. 18 But make una take kare wen una dey
keep di tins wey bi God own. If una take any of dem, una go kause wahala
for awa kamp and awa pipol. 19 All di gold and silva, plus di bronze and
all di iron tins, na God get dem. All of dem must go God store house.”

20 Wen di sojas hear di ram horn sound, dem kon shaut well-well for
war. Di town wall fall rish groun and di sojas run enter di town at wons
kon win Jeriko pipol. 21 Dem use dia swod take kill evritin wey dey breath
for di town, both man and woman, small pikin and old pipol, plus all di
animals.

22 Joshua kon tell di two men wey kon spy di land before sey, “Make una
go di ashawo house den bring en and evribody wey dey di house kom out,
just as una promise am.” 23 So di men go bring Rahab, en papa, mama,
brodas and evribody wey dey en house. Dem bring all en family kom out
kon take dem go one place wey dey outside Israel pipol kamp.

24 But dem burn di town and evritin wey dey inside, esept di gold, silva,
bronze and di iron tins wey dem karry go God store house. 25 But Joshua
nor kill Rahab wey bi ashawo, en family and evritin wey bilong to am.
Rahab kon stay for Israel, bikos e hide di pipol wey Joshua send go spy
Jeriko.

26 For dat time, Joshua kon swear sey: “Anybody wey sey e won build
Jeriko town again, God go kondemn am.

“E first boy pikin go die
as e stay to build am
and en last boy pikin go die
wen e dey put di gate!”

27 God dey with Joshua and pipol kon know am for evriwhere.

# 7

## *Akan Sin*

1 Israel pipol disobey wetin dem tell dem about di tins wey dey Jeriko.
Akan wey bi Karmi pikin, wey Zabdi born, wey Zera born from Judah
tribe, kon tif some tins from Jeriko, so God kon dey vex for Israel pipol.

2 Joshua send men from Jeriko sey make dem go spy Ai town (Ai town
dey near Bet-Aven, di east side for Bethel land) e kon tell dem, "Make una
go spy di land." So di men kon go spy di town.

3 Dem kom back kon tell Joshua, "Nor send all di sojas go, about two or
3,000 sojas go distroy di whole Ai town. Nor disturb di whole sojas, bikos
Ai na small town." 4 So about 3,000 men kon go, but dem run from Ai men.
5 Ai men kill about thirty-six from dem kon porshu di rest of dem from di
town gate go rish di low aria. Di pipol pawa fail dem like ice-blok wey dey
melt.

6 Joshua tear en klot; en and di leaders for Israel fall for groun before di
Kovenant Box until evening and dem pak dirty full dia head 7 Joshua kon
pray, "My Oga God! Wetin make Yu take us cross Jordan River kon give us
to Amor pipol, so dat dem go distroy us?

8 "Why wi nor just stay for di oda side for Jordan River! Wetin I go tok
naw wey Israel pipol dey run from dia enemies? 9 Wen Kanaan pipol and
evribody wey dey stay di land go hear wetin happen so, all of dem go kom
distroy us and nobody go remember us. My Oga God, wetin Yu go do to
keep yor respet?"

10 God ansa Joshua, "Make yu get up! Wetin make yu face groun dey
mourn? 11 Israel pipol don sin; dem don go against my kommandment!
Dem take some tins wey I sey make dem keep for mi from Jeriko; dem tif
dem kon put dem join dia own propaty. 12 Israel pipol nor fit stand for dia
enemies front; dem run bikos disgrace don dey follow dem. I nor go dey
with una again, unless una distroy wetin make dis wahala dey happen to
una.

13 "Make yu get up! Go santify di pipol make yu tell dem: 'Make una
santify unasef before tumoro, bikos Israel God sey, "Israel pipol, una body
dey dirty! Una nor go fit fight una enemies until una remove wetin make
una dirty."

14 " 'Wen day break, una must kom akordin to tribe. Di tribe wen God
go choose go kom akordin to village. Di village wey God go choose go
kom akordin to family. Di family wey God go choose must kom man by
man. 15 Di pesin wey dem katch with di propaty, dem must burn am with
evribody wey bi en own, bikos e nor do wetin God tok and e don disgrace
Israel pipol.' "

16 Di next day for early morning, Joshua kon tell Israel pipol make dem
kom tribe by tribe and God kon choose Judah tribe. 17 Joshua sey make
di pipol for Judah kom village by village and God kon choose Zera village.
Joshua sey make Zera pipol kom family by family and God kon choose
Zabdi family. 18 Joshua sey make Zabdi Family kom man by man and God
kon choose Akan wey en papa na Karmi and Karmi papa na Zabdi wey bi
Zera pikin and Zera kom from Judah tribe wey God choose.

19 So Joshua kon tell Akan, "My pikin, respet Israel God make yu praiz
am! Tell mi wetin yu do; nor deceive mi at-all!"

20 Akan kon tell Joshua, "Na trut. I don sin against Israel God: 21 From
di tins wey wi karry from Jeriko, I si one fine klot from Babilon, with two

silva koin and one gold wey heavy rish fifty fit. I like dem, so I take dem.
I hide dem under di groun for my tent centre."
22 So Joshua send pipol go di tent. Di tins dey for di tent and di silva dey
under dem. 23 Dem take all of dem from di tent centre kon go give Joshua
and Israel pipol kon put am for where God go for si am.
24 Den Joshua and Israel pipol take Akan, Zera pikin with di klot, di silva,
di gold, en shidren, melu, donkey, sheep, tent and evritin wey bi en own
go Akor Valley (wey mean Wahala Valley). 25 Joshua kon sey, "Wetin make
yu bring wahala for awa head? God go put wahala for yor head today!"
So, evribody for Israel stone en, en family and evritin wey e get until
dem die finish, den dem kon burn dem. 26 Dem pak many stones on-top
dem (di stones dey der till today) and God vexnashon kon stop. So till
today, na Akor Valley dem dey koll dat place.

# 8

*Israel Distroy Ai*

1 God tell Joshua, "Make yu nor fear or bigin shake! Take all di sojas
make una mash go Ai! Si, I dey give yu Ai king, plus di pipol and di town.
2 Make yu do wetin yu do for Jeriko to Ai, en king and en pipol, but una fit
keep dia animals for unasef. Naw, make una dey ready to attack di town
from back!" 3 Joshua and all di sojas kon mash dey go Ai town. Joshua
choose 30,000 strong sojas kon send dem go for nite. 4 E tell dem, "Make
una hide for di town back. Make una nor too go far from di town and all
of una must dey ready! 5 Mi and di oda sojas go mash go di town. Wen
dem kom out kon fight us like before, wi go run leave dem. 6 Dem go dey
porshu us until wi don draw dem go far from di town, bikos dem go sey,
'Dem dey run from us like before.' 7 Den una go kom out from where
una hide put kon distroy di town. Di Oga una God go give di town to una.
8 Wen una don enter di town, make una start to burn am. Make una do as
God don tok! Si, I don give una ordas."
9 Joshua send dem and dem kon go hide for di west side for Ai, between
Ai and Bethel. Dat nite, Joshua stay with di sojas.
10 As day just break, Joshua gada di sojas with di leaders for Israel and
dem kon mash go Ai for front. 11 All di sojas dey mash with am as dem
near di town. Dem kon stay for di nort side for Ai wey dey di oda side for
di valley. 12 Joshua hide 5,000 men for di west side between Bethel and Ai.
13 Di sojas dem don ready; both di ones wey dey nort and di ones wey dey
hide for west. For dat nite, Joshua kon go di valley centre.
14 Wen Ai king si Israel pipol, en and all en sojas kwik-kwik get up di
next day go fight Israel for Arabah. But Ai king nor know sey some men
hide for di town back. 15 Joshua and all di sojas for Israel kon do like sey
Ai men dey win dem, so dem kon dey run go di desert. 16 Ai king kon
sey make all en sojas porshu dem; dem porshu Joshua and e take dem far
komot from dia town. 17 No soja remain for Ai or Bethel; all of dem don
porshu Israel pipol and dem leave di town open.
18 God kon tell Joshua, "Dis swod wey dey yor hand, make yu point am
face Ai, bikos I don gi-am to yu and yor sojas." 19 Wen e stresh en hand, di
men wey hide before kon get up attack di town. Dem enter di town kon
bigin burn am at wons.

20 Wen Ai men turn back, dem si smoke from dia town dey go heaven
and fear katch dem and dem nor fit run go anywhere. Dis time, di men
wey dey run before go di desert kon turn back face Ai men wey dey porshu
dem. 21 Wen Joshua and Israel pipol si sey di men wey hide don enter di
town and di town don dey katch fire, dem kon turn and bigin kill Ai men.
22 For dat same time, di men wey burn di town don kom out kon fight, so
Ai men kon dey di middle. Israel sojas kill all of dem. 23 But dem katch di
king alive, bring am kon meet Joshua.

24 Wen Israel pipol don kill all di men for Ai wey porshu dem go desert,
all of dem kon go back to Ai go kill evribody wey dey der. 25 Na 12,000
men and wimen die dat day, plus all di men for Ai. 26 Joshua still stresh en
swod until Israel don kill evribody wey dey stay for Ai. 27 But Israel pipol
keep all Ai tins and animals for demsef, just as God tell Joshua.

28 Joshua burn Ai and nobody fit stay der (na so e bi till today). 29 Joshua
hang Ai king for tree kon leave am for der until evening. Wen sun don go
down, Joshua kon tell di sojas sey make dem take di king dead body komot
for di tree. Dem trow am put for di town gate kon pak stone on-top am
(na so e bi till today).

### *Renew Kovenant*

30 Den Joshua build one altar for Israel God for Mount Ebal, 31 just as
God savant Moses don kommand Israel pipol. As dem tok for di Law Book
wey Moses rite, dem make am with stone wey dem nor kut or break or
wey any iron don tosh. Dem burnt sakrifice for der kon do sakrifice for
peace. 32 For Israel pipol present for der, Joshua kon rite Moses Law put
for di stone. 33 Di pipol, rulers, leaders and judge dem stand for di two
side for di box and for di Levi priests wey karry God Kovenant Box. Both
Israel pipol and doz wey dey der as strenjas dey for di box front. Half of di
pipol stand for Mount Gerizim front and di oda half stand for Mount Ebal
front, just as God savant Moses kommand dem to do, before dem kollect
di blessing.

34 Den Joshua read all di word for di law, plus di blessing and di curse,
just as dem rite am for di Law Book. 35 Joshua read Moses kommand for
all Israel pipol front, plus di wimen, shidren and strenjas wey dey stay
with dem.

## 9

### *Dem Deceive Israel*

1 Wen all di kings for Jordan River west; di kountries for hill; di ones
for di valley go rish Mediterranean wotaside; plus di whole Lebanon (plus
Hit, Amor, Kanaan, Periz, Hiv and Jebus pipol) hear about Israel pipol and
wetin dem do, 2 dem kon join togeda won go fight against Joshua and Israel
pipol.

3 Wen di pipol for Gibeon hear wetin Joshua do to Jeriko and Ai, 4 dem
kon tink and do wetin dey wise. Dem kollect some food kon put tear-tear
klot on-top dia donkey with wine bag wey don tear wey dem pash. 5 Dem
wear sandal wey dem don pash kon wear tear-tear klot. All dia bread dry
and strong. 6 Dem kom meet Joshua for di kamp for Gilgal kon tell en and
di men for Israel sey, “Where wi from kom dey far well-well. Make una
promise us sey una nor go kill us.”

7 Israel men kon tell Hiv men sey, “E fit bi sey una dey stay near us. So
how wi go fit make promise with una?”
8 But dem kon tell Joshua, “Wi won bi yor savant.”
So Joshua tell dem, “Na who una bi and where una from kom?”
9 Dem ansa, “Where yor savants from kom, far well-well and wi dey
respet God, bikos wi don hear of all di tins wey E do for una for Egypt
10 and di ones wey E do to di two Amor pipol king for di oda side for
Jordan River and dem bi King Sihon for Heshbon and King Og for Bashan
wey dey Ashtarot. 11 Na awa leaders and pipol sey, ‘Make una take food
for una journey go meet dem. Tell dem sey wi dey ready to bi dia savant.
So make dem promise us sey dem nor go kill us.’ 12 Awa bread dey warm
wen wi start dis journey, but naw, e don dry kon strong. 13 Di wine bag get
betta wine wen wi start di journey, but make una si how dem don skata
finish. Awa klot and sandals don skata, bikos di journey long well-well.”
14 Di men for Israel look some of dia tins well-well, but dem forget to
ask God sey wetin dem go do. 15 Joshua promise dem peace kon sey e nor
go kill dem. Israel leaders sef agri wetin Joshua tok.
16 Three days afta dem agri with Gibeon pipol, Israel pipol kon know sey
dem dey stay near dem. 17 So Israel pipol go and afta three days dem kon
rish di town wey Gibeon, Kefirah, Beerot and Kiriat-Jearim pipol dey stay.
18 Israel pipol nor attack dem, bikos dia leaders don use Israel God name
take swear sey dem nor go kill dem.
Evribody kon dey vex for di leaders, 19 but di leaders kon tell di pipol
sey, “Wi use Israel God take swear sey wi nor go kill dem. So naw, wi nor
go fit kill dem! 20 Wi must let dem live, so dat wi nor go put curse for awa
head.” 21 Di leaders still sey, “Make dem live.” So Gibeon pipol kon dey
kut wood and karry wota for di whole kommunity, just as di leaders wont
am.
22 Joshua koll Gibeon pipol kon tell dem, “Wetin make una deceive us
wen una sey, ‘Where wi der stay, far from una,’ wen una really dey stay
near us? 23 Naw, una go bi awa savants forever and una go dey kut wood
and karry wota go awa God house.”
24 Dem kon tell Joshua, “Wi do like dis, bikos wi hear sey na really true
sey di Oga una God don kommand Moses make e give una di whole land
kon kill all di pipol wey dey stay der as una rish der. Wi do like dis, bikos
wi dey fear una and wi nor won die. 25 So naw, wi dey under una. Make
una do us wetin una tink sey dey good to do.”
26 Joshua kon do as dem tok; E nor let Israel pipol kill dem 27 and from dat
day go, e kon make dem dey kut wood and karry wota for di kommunity
and for God altar. Till today, dem still dey do dis work for where God
choose sey, make dem dey woship am.

# 10

*Israel Win Amalek*

1 Adoni-Zedek wey bi Jerusalem king hear how Joshua take enter Ai
town kon distroy am and en king, just as e do to Jeriko and en king. E still
hear how Gibeon pipol make peace with Israel pipol kon dey stay togeda.
2 Evribody for Jerusalem dey fear, bikos Gibeon na big town, like one of di
kings town. E big pass Ai and all en men dem get pawa. 3 So king Adoni-
Zedek for Jerusalem kon send message go meet King Hoham for Hebron,

King Piram for Jarmut, King Jafia for Lakish and King Debir for Eglon:
4 sey, “Make una kom help mi go fight Gibeon, bikos e don go make peace
with Joshua and Israel pipol.”
5 So di five kings wey kom from Jerusalem, Hebron, Jarmut, Lakish and
Eglon, with all dia sojas kon gada go fight Gibeon pipol. 6 Di men for Gibeon
kon send message go meet Joshua for en kamp for Gilgal sey, “Make yu
nor leave us wey bi yor savants! Make yu kom save us! Bikos all Amor
pipol kings wey dey di kountries for hill don kom attack us.”
7 So Joshua, en sojas and di ones wey get heart well-well kon from Gilgal
mash go Gibeon. 8 God tell Joshua, “Make una nor fear, bikos I dey give
dem to una. Non of dem go fit stop una.”
9 Joshua attack dem by sopraiz afta dem use one full nite mash kom from
Gilgal. 10 God make dem fear as dem si Israel pipol. Israel pipol really kill
dem for Gibeon der. Israel pipol porshu dem pass Bet-Horon kon dey kill
dem until dem rish Azeka and Makkedah. 11 As dem dey run from Israel
pipol go di low groun for Bet-Horon, God kon make big-big stone dey fall
from sky for dia head go rish Azeka. Dem die well-well and di ones wey
di stone kill, many pass doz wey Israel sojas kill.
12 Di day wey God put Amor pipol for Israel pipol hand, dat day Joshua
pray to God for Israel pipol front sey:

“Yu sun, make yu stay for where yu dey on-top Gibeon!
And make di moon nor near dis side,
just stay for where yu dey for Aijalon Valley!”
13 Di sun and di moon stand for one place
as Israel pipol kill all dia enemies.

Dem rite dis tins wey happen for Jasha Book (wey mean Raitious Book).
Di sun nor move for di sky centre and e shine for one full day. 14 Dat
kind tin neva happen before and e nor happen again. God listin to one
man, bikos E fight for en pipol, Israel!
15 Den Joshua and Israel sojas kon go back to di kamp for Gilgal. 16 Di
five king run go hide for one hole for Makkedah. 17 So dem tell Joshua,
“Wi don si di five kings for di whole where dem hide put for Makkedah.”
18 Joshua ansa, “Make una use big stone kover di hole mout kon put pipol
wey go guide am for der. 19 But make una nor stay tey! Make una porshu
and katch una enemies! Nor let dem rish dia kountry, bikos di Oga una
God go give dem to una.”
20 Joshua and Israel pipol almost kill dem finish, but some still eskape
go di main town. 21 Den Israel sojas kom back well kom meet Joshua for
di kamp for Makkedah. Nobody even fit tok against Israel pipol for di full
land.
22 Joshua sey, “Make una open di hole, den bring di five kings kom meet
mi.” 23 Dem do as Joshua tell dem kon take di five kings go meet am and
na Jerusalem, Hebron, Jarmut, Lakish and Eglon king. 24 Wen dem bring
di kings kom meet Joshua, e koll Israel men kon tell di sojas oga wey dey
with am sey, “Make una kom here kon mash dis kings for dia neck.” So
dem kom put dia legs for di kings neck.
25 Den Joshua tell dem, “Make una nor fear or shake. Make una get heart
and dey strong, bikos God go do di same tin to all una enemies wey una
dey fight against.” 26 Den Joshua kill di kings kon hang dem on-top tree.
Dem dey di tree till evening.

27 Wen sun don go down, Joshua kon sey make en men bring di kings
body kom down from di tree kon trow dia body inside di hole wey dem
hide put before, den pak big-big stones take kover di hole. (Dem still dey
der till today.)

### *Joshua Attack*

28 Dat day, Joshua enter Makkedah town kon kill evribody wey dey stay
der plus di king. E do di king wetin e do to Jeriko king. 29 Joshua and
Israel pipol kon mash from Makkedah go Libnah go fight dem. 30 God give
Libnah to Joshua and en sojas and dem kill evribody wey dey stay der;
evribody die finish. Dem kon do en king as dem do to Jeriko king.
31 Joshua and en sojas kon mash from Libnah go Lakish. En and en sojas
kon fight against Lakish 32 and God make dem win and dem enter di whole
town for di sekond day. Dem kill evribody wey dey stay der, just as dem
do for Libnah. 33 Den, Horam wey bi king for Geza kon kom help Lakish,
but Joshua kill en and all en sojas finish.
34 Joshua and all Israel pipol mash from Lakish go Eglon. En and all en
sojas kon fight dem. 35 Dat day, dem enter di town kon kill evribody wey
dey stay der, den distroy am, just as dem do to Lakish.
36 Joshua and all en sojas mash from Eglon go Hebron go fight. 37 Dem
enter di town kon kill di king, evribody wey dey stay der and di towns
wey dey near der and dem nor leave anybody. Dem kill evribody, just as
dem do for Eglon.
38 Joshua and en sojas kon go fight against Debir. 39 Dem enter di town,
katch di king and all di towns wey dey near am, den dem kill evribody
wey dey stay der; nobody survive. Dem kill evribody, just as dem do for
Hebron, Libnah and to dia kings.
40 Joshua win di whole land plus di kountries for hill, for di Negev, di
lowland, di slope and all dia kings. E nor let any one live. E kill evritin
wey dey breath, just as di Oga wey bi Israel God, tok. 41 Joshua win di aria
wey dey between Kadesh Barnea and Gaza, plus evriwhere for Goshen go
rish Gibeon. 42 Joshua katch all dis kings and dia land for just one fight,
bikos di Oga wey bi Israel God dey fight for en pipol.
43 Den Joshua and all en sojas kon go back to dia kamp for Gilgal.

# 11

### *Israel Win Anoda War*

1 Wen King Jabin for Hazor hear di news, e send message go meet King
Jobab for Madon; Shimron king, Akshaf king 2 and all di kings for nort
wey dey rule di kountries for hill, di Arabah for di sout for Kinneret, di
ones for di lowland and doz ones for Dor wey dey di west, 3 Kanaan pipol
from di east and west; Amor, Hit, Periz and Jebus pipol from di kountry
for hill and Hiv pipol from under Hermon for di aria wey dey Mizpa. 4 All
dis kings kom out with dia sojas and nobody fit kount dem, bikos dem
many like san-san for wotaside and dia shariot many well-well too. 5 All
dis kings gada for Merom River side, bikos dem won fight Israel pipol.
6 God tell Joshua, “Make yu nor fear dem, bikos by dis time tumoro, I go
distroy dem for Israel pipol front. Yu must cripple all dia horse kon burn
dia shariot.”

7 So Joshua and all en sojas attack dem for Merom River side wen dem
nor know sey dem dey kom. 8 God give dem to Israel and en pipol kill and
porshu dem go rish Greata Sidon, Misrefot-Maim and Mizpa Valley for di
east. Dem kill all of dem finish. 9 Joshua do dem, just as God kommand; e
cripple dia horse leg kon burn dia shariot.

10 For dat time, Joshua attack Hazor town kon kill en king, bikos na Hazor
town dey lead all di kingdoms. 11 Dem kill evribody wey dey stay der kon
burn di town.

12 Joshua enter all di royal towns kon kill dia kings, just as God savant,
Moses kommand dem. 13 But Israel pipol nor burn any town wey dey di
hill, escept Hazor wey Joshua burn. 14 Israel pipol karry evritin wey dey
dis towns, plus dia animals, but dem kill all dia pipol finish. 15 God savant,
Moses, tell Joshua evritin wey God kommand and Joshua do as Moses tell
am. E nor go against any of di kommand wey God tell Moses.

### *Israel Viktory*

16 Joshua win di whole land plus di kountries for hill; di Negev; all di
land for Goshen; di lowlands; di Arabah; di hill kountries for Israel and
en lowlands, 17 from Mount Halak to Seir go rish Baal-Gad for Lebanon
Valley under Mount Hermon. Joshua katch all dia kings kon kill dem.
18 Joshua fight against dis kings for sometaim. 19 No town make peace
with Israel pipol (escept Hiv pipol wey dey stay for Gibeon.) Israel pipol
win all di remainin towns, 20 bikos God make di towns sturbon, so dat dem
go attack Israel. God wont make Israel pipol kill dem anyhow, just as E
don kommand Moses.

21 For dat time, Joshua attack and kill Anak pipol for di hill kountry,
Hebron, Debir and Anab from all di hill kountry for Judah and Israel.
22 No Anak pesin remain among Israel pipol, but some dey for Gaza, Gat
and Ashdod. 23 Joshua win di whole land, just as God promise Moses. Den
Joshua give di difren tribe for Israel di land, as dia own.

Den di land kon get peace and di war kon stop.

# 12

### *Di Kings Wey Israel Win Dia Land*

1 Di kings wey Israel pipol win and take dia land for Jordan River east
and from Arnon Valley go Mount Hermon, plus Arabah east na:

2 King Sihon for Amor wey dey stay Heshbon and dey rule from Aroer
(wey dey Arnon Valley korna), plus di town wey dey di valley centre
and half of Gilead go rish Jabbok Valley wey dey near Ammon. 3 En
kingdom na: Arabah east, from Kinneret Sea go rish Arabah Sea (Di Salt
Sea), plus di road wey go Bet-Jeshimot and di sout aria under di low aria
for Pisgah.

4 E win King Og for Bashan wey dey among di remainin Refah pipol
and e dey stay for Ashtarot and Edrei. 5 Na-im dey rule Mount Hermon,
Salekah, evriwhere for Bashan go rish Geshur, Maakat, half of Ramot
pipol borda and King Sihon for Heshbon borda.

6 God savant, Moses and Israel pipol win dis kings and Moses divide di
land give Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe.

7 Dis na di kings wey Joshua and Israel pipol win for Jordan River west,
from Baal-Gad for Lebanon Valley go rish Mount Halak and Seir. Joshua

give dis aria to Israel tribes, [8] plus di kountries for hill, di lowlands, di
Arabah, di low groun, di wildaness and di Negev; Hit, Amor, Kanaan, Periz,
Hiv and Jebus pipol land. Dis na di kings: [9] Jeriko king, Ai king (wey
dey near Bethel), [10] Jerusalem king, Hebron king, [11] Jarmut king, Lakish
king, [12] Eglon king, Geza king, [13] Debir king, Geda king, [14] Hormah king,
Arad king, [15] Libnah king, Adullam king, [16] Makkedah king, Bethel king,
[17] Tappuah king, Hefa king, [18] Afek king, Sharon king, [19] Madon king, Hazor
king, [20] Shimron Meron king, Akshaf king, [21] Taanak king, Megiddo king,
[22] Kedesh king, Jokneam king wey dey near Karmel, [23] Dor king (for Nafat
Dor), Goyim king (for Gilgal) and [24] Tirzah king. So all di kings na thirty-
one.

# 13

### *God Tok To Joshua*

[1] Wen Joshua don old, God kon tell am, "Yu don old and di land wey una
go still fight for, many well-well [2] and dem bi: Filistia pipol and Geshur
aria, [3] from Shihor River for Egypt east go rish di nort side wey face Ekron
(dem dey koll am Kanaan aria), plus di aria wey bi di five Filistia pipol
oga own for Gaza, Ashdod, Ashkelon, Gat and Ekron; plus Avvim pipol
land [4] go rish di sout; all di aria wey bi Kanaan own; from Arah wey dey
Sidon go rish Afek and Amor pipol aria; [5] Gebal pipol aria and evriwhere
for Lebanon for di east. From Baal-Gad; bottom Mount Hermon go rish
Lebo-Hamat.

[6] "I go porshu di pipol wey dey doz land komot for my pipol, Israel. All of
dem wey dey stay di hill kountries from Lebanon go rish Misrefot-Maim,
plus Sidon pipol, I go distroy dem, den yu go give dia land to Israel pipol,
just as I tok. [7] Naw, make yu divide dis land among di nine and half tribes."

### *Di Land For East*

[8] Di oda half of Manasseh tribe, Reuben tribe and Gad tribe don kollect dia
land wey dey di oda side for Jordan River, just as God savant Moses divide
am.

[9] Dia own aria go start from Aroer (wey dey near Arnon Valley), plus
di town wey dey di valley centre; evriwhere for Medeba go rish Dibon
[10] and all di town wey Sihon king for Amor wey dey rule Heshbon get, go
rish di borda. [11] Dia aria na Gilead, Geshur and Maakat, plus evriwhere
for Mount Hermon and Bashan go rish Salekah. [12] And all King Og
aria for Bashan, wey dey rule Ashtarot and Edrei (wey dey among di
remainin pipol for Refah), go bi dia own too. Moses win dem kon take
dia land. [13] But Israel pipol nor distroy Geshur and Maakat; So Geshur
and Maaka pipol dey stay with dem till today.

[14] But Moses nor divide land give Levi pipol as e bi sey dia propaty na
di sakrifice ofrin, wey dem dey offa give di Oga wey bi Israel God, just as
E tell dem.

[15] Moses divide land give Reuben tribe akordin to dia family.

[16] Dia aria start from Aroer (wey dey near Arnon Valley) plus di town
wey dey di valley centre, evriwhere for Medeba, [17] Heshbon and all
di towns wey dey near am; plus Dibon, Bamot Baal, Bet-Baal-Meon,
[18] Jahza, Kedemot, Mefaat, [19] Kiriataim, Sibmah, Zeret Shahar wey dey

on-top di hill for di valley, [20] Bet-Peor, di low land for Pisgah and Bet-
Jeshimot. [21] Dis na all di towns for di aria plus di ones wey King Sihon
for Amor wey dey rule from Heshbon, get. Moses win en and Midian
leaders wey bi Evi, Rekem, Zur, Hur and Reba (all of dem dey under King
Sihon). [22] Israel pipol kill Balaam (wey bi profet) wey Beor born. [23] Na
Reuben tribe get di borda for Jordan River. Di towns and village dey join
di land wey dem give Reuben tribe. [24] Moses divide land give Gad tribe
akordin to dia family. [25] Na dia aria bi dis: Jazer aria, all di town for
Gilead and half of Ammon aria go rish Aroer near Rabbah. [26] And from
Heshbon go rish Ramat-Mizpah and Betonim. From Mahanaim go rish
Debir aria. [27] Bet-Haram valley still dey join, plus Bet-Nimrah, Sukkot
and Zafon go rish di rest side for Heshbon wey King Sihon dey rule; plus
di aria for Jordan River east go rish di end for Kinneret Sea. [28] Na dis
towns bi di land wey dem divide give Gad tribe akordin to dia family.
[29] Moses divide land give half of Manasseh tribe akordin to dia family.
[30] Dia land start from Mahanaim go rish Bashan; di whole aria where
King Og for Bashan dey rule, plus di sixty towns for Havvot-Jair. [31] Di
land wey dem give half of Makir shidren wey Manasseh bi dia grand-
grand papa na: half for Gilead land, Ashtarot and Edrei and King Og for
Bashan kingdom and na akordin to dia family.
[32] Na so Moses sey make dem take divide di land wen e dey Moab for
Jordan River east opposite Jeriko. [33] Moses nor divide land as propaty for
Levi tribe; dia propaty na di Oga wey bi Israel God, just as E tell dem.

# 14

*Judah Tribe*

[1] Dis na di aria wey priest Eleazar, Joshua wey bi Nun pikin and Israel
leaders give Israel pipol for Kanaan land. [2] Di land wey dem give di nine
and half tribe, na dice dem trow take divide am, just as God tell Moses.
[3] Naw, di land wey dey east for Jordan River, Moses divide am give two
and di half tribe, but e nor divide any land give Levi pipol. [4] Dem si Josef
shidren as two tribe, Manasseh and Efraim. Dem nor give Levi pipol any
land; aldo dem give dem towns where dem go stay, plus fields where dia
animals go for dey chop. [5] Wen dem dey divide di land, Israel pipol do as
God tell Moses.
[6] Judah men kom meet Joshua for Gilgal and Kaleb wey Jefunneh wey
kom from Kenizz born kon tell Joshua sey, "Yu know wetin God tell Moses
en savant for Kadesh Barnea about yu and mi. [7] I bi forty years wen Moses,
God savant send mi from Kadesh Barnea go spy di land and I kom back
kon tell am di trut. [8] Doz wey follow mi kon dey make Israel pipol fear,
but I still dey loyal to di Oga my God. [9] Dat day, Moses kon promise mi,
'Any land wey yu waka enter, go bi yu and yor family own forever, bikos
yu dey loyal to di Oga yor God.'
[10] "So naw, make yu si, God don keep mi rish naw, just as E promise. For
dis forty-five years, even since God tell Moses en word wen Israel pipol still
dey di wildaness kom rish naw, I nor die and naw, I bi eighty-five years.
[11] Yet, I still strong like wen Moses send mi go spy. I fit still fight kon do my
evriday work with di same pawa wey I get dat time. [12] So make yu give
mi di kountry for hill wey God promise mi dat time! Dat time, yu know

sey na Anak pipol dey der with dia big-big towns. But if God dey with mi,
I go distroy dem, as God promise.”

13 Den Joshua bless Kaleb, Jefunneh pikin kon give Hebron land to am.
14 So till today, Kaleb wey en papa na Jefunneh from Kenizz kon take
Hebron land, bikos e dey loyal to God. 15 (Before-before, dem dey koll
Hebron, Kiriat-Arba. Na Arba bi Anak pipol papa and evribody know am.)

So afta dis time, war nor kon dey di land again.

# 15

1 Di land wey dem give Judah tribe akordin to dia family, long from
Edom borda go rish Zin Wildaness for Negev wey dey sout.

2 Dia borda for sout start from di sout-side for di Salt Sea 3 go rish
Akrabbim Ascent sout kon cross go Zin, till e rish Kadesh Barnea sout
kon cross from der go Hezron on-top Addar and e kom down for Karka.
4 Di land cross go Azmon, till e rish Egypt wotaside kon end for di sea.
Na dis bi di borda for sout.

5 Di borda for east na from di Salt Sea go rish Jordan River. Di borda for
nort start from di Salt Sea from Jordan River mout 6 go rish Bet-Hoglah,
den cross di nort for Bet-Arabah go di Stone wey bi Reuben pikin, Bohan
own. 7 E kom from der go Debir from Akor Valley den turn face nort
go rish Gilgal (wey dey opposite Adummim Pass for di sout-side for di
valley) kon cross En-Shemesh wota go rish En-Rogel. 8 E from der go Ben-
Hinnom Valley go rish di lowland for Jebus for sout (wey bi Jerusalem)
and from der, e go on-top di hill opposite Ben-Hinnom Valley for west
wey dey di end for Refah Valley for nort. 9 E from der go on-top di hill
go rish di spring wota for Neftoah, plus di whole town for Mount Efron,
den from Mount Efron to Baalah (wey bi Kiriat-Jearim). 10 E turn from
Baalah face west for Mount Seir kon cross di lowland for Mount Jearim
go nort (wey bi Kesalon), den land for Bet-Shemesh kon cross go Timnah.
11 E still from der go Ekron lowland for nort till e rish Shikkeron, den
cross go Mount Baalah, till e rish Jabneel kon end for di sea.

12 Na Mediterranean Sea bi di borda for west.
And na dis bi di borda for Judah tribe and family.

13 Kaleb wey bi Jefunneh son from Judah tribe, dem gi-am Kiriat-Arba
(wey bi Hebron), just as God tell Joshua. (Na Arba bi Anak papa.) 14 From
der, Kaleb porshu Sheshai, Ahiman and Talmai wey bi Anak shidren 15 kon
attack Debir pipol. (Before-before, dem dey koll Debir pipol Kiriat-Sefer.)
16 Kaleb kon sey, “Di pesin wey go win Kiriat-Sefer, I go gi-am my dota
Aksah, as en wife.” 17 Wen Otniel, Kenaz pikin wey bi Kaleb broda win
am, Kaleb kon give en dota, Aksah to am as wife.

18 One day Otniel kom meet and beg Aksah make e ask en papa for some
land. Wen e kom down from en donkey, Kaleb kon ask am, “Na wetin yu
wont.”

19 E ansa, “Abeg, make yu give mi one special gift. Since yu don give mi
land for Negev aria, make yu give mi spring wota.” So en papa kon gi-am
both di spring for up and di one for bottom.

20 Dis na di land wey dem give Judah tribe and dia family:
21 Dis towns dey Judah land end for sout near Edom borda and dem bi:

Kabzeel, Eda, Jagur, 22 Kinah, Dimonah, Adadah, 23 Kedesh, Hazor,
Itnan, 24 Zif, Telem, Bealot, 25 Hazor-Hadattah, Keriot Hezron (wey bi
Hazor), 26 Amam, Shema, Moladah, 27 Hazar-Gaddah, Heshbon, Bet-Pelet,
28 Hazar-Shual, Beersheba, Biziotaya, 29 Baalah Lim, Ezem, 30 Eltolad,
Kesil, Hormah, 31 Ziklag, Madmanna, Sansannah, 32 Lebaot, Shilhim, Ain,
Rimmon and dem bi twenty-nine big and small towns.

33 Dis na di towns wey dey di lowland:

Eshtaol, Zorah, Ashnah, 34 Zanoah, En-Gannim, Tappuah, Enam,
35 Jarmut, Adullam, Soko, Azeka, 36 Shaaraim, Aditaim and Gederah
(or Gederotaim) and dem bi fourteen big and small towns. 37 Zenan,
Hadashah, Migdal-Gad, 38 Dilean, Mizpa, Jokteel, 39 Lakish, Bozgat,
Eglon, 40 Kabbon, Lahmas, Kitlish 41 Gederot, Bet-Dagon, Naamah and
Makkedah and dem bi sixteen big and small towns.

42 Libnah, Eta, Ashan, 43 Jeftah, Ashnah, Nezib, 44 Keilah Akzib and
Maresha and dem bi nine big and small towns.

45 Ekron and all di towns wey dey near am; 46 from Ekron west,
evribody for Ashdod aria and dia towns; 47 Ashdod and doz wey dey
near am, plus Gaza with doz wey dey near am, go rish Egypt Stream
and di borda for Mediterranean Sea.

48 Dis na di towns for di kountries for hill:

Shamir, Jattir, Sokoh, 49 Dannah, Kiriat-Sannah (wey bi Debir), 50 Anab,
Eshtemoh, Anim, 51 Goshen, Holon and Gilo and dem bi eleven big and
small towns.

52 Arab, Dumah, Eshan, 53 Janim, Bet-Tappuah, Afeka, 54 Humtah,
Kiriat-Arba (wey bi Hebron) and Zior and dem bi nine big and small
towns.

55 Maon, Karmel, Zif, Juttah, 56 Jezrel, Jokdeam, Zanoah, 57 Kain, Gibeah
and Timnah and dem bi ten big and small towns.

58 Halhul, Bet-Zur, Gedor, 59 Maarat, Bet-Anot and Eltekon and dem bi
six big and small towns.

60 Kiriat-Baal (wey bi Kiriat-Jearim) and Rabbah and dem bi two towns.

61 Dis na di towns for desert:

Bet-Arabah, Middin, Sekakah, 62 Nibshan, di Salt towns and En-Gedi
and dem bi six towns.

63 Judah men nor fit win all Jebus pipol wey dey stay Jerusalem, so Jebus
pipol still dey stay with Judah pipol till today.

# 16

### *Josef Tribe*

1 Di land wey Joshua give Josef shidren na from Jordan River side go rish
di wotaside for Jeriko east; den to di desert and from Jeriko go di kountry
for di hill wey bi Bethel. 2 Di borda for sout wey from Bethel go Luz kon
cross go Arkite aria for Atarot. 3 E from der go di west side for Jafletite
aria and di low arias for Bet-Horon and Geza kon end for di sea.

4 Dem give Josef shidren, Manasseh and Efraim dia own part for di land.

5 Di aria wey dem give Efraim and en family na:

di east for Atarot-Addar go rish top of Bet-Horon. 6 E from der go di
sea and Mikmetat for di nort. E still from der go di east side for Taanat-
Shiloh kon cross go Janoah east. 7 E from Janoah go Atarot and Naarah
kon tosh Jeriko till e rish Jordan River. 8 From Tappuah, e go di west side

for Kanah Valley den e end for di sea. Dis na di land wey Joshua give
Efraim tribe akordin to en family. 9 Di big and small towns wey dem
keep for Efraim family inside Manasseh aria dey join.
10 Efraim pipol nor fit win all Kanaan pipol wey dey stay Geza. So Kanaan pipol still dey stay with Efraim pipol till today and dem bi Efraim pipol savant.

# 17

1 Josef first-born, Manasseh, dem give en tribe some land too. Manasseh first-born Makir wey bi Gilead papa, dem gi-am land, bikos dem bi wariors.
Dem give dem Gilead and Bashan. 2 Di rest for Manasseh shidren, dem
give dem land akordin to dia family plus Abiezer, Helek, Asriel, Shekem, Hefa and Shemida shidren. Dis na di boys wey Manasseh, Josef pikin born akordin to dia family.

3 Naw, Zelofehad wey bi Hefa son, wey bi Gilead son and na Manasseh pikin wey Makir born, nor get any boy pikin escept girls and dia names
na: Mahlah, Noah, Hoglah, Milka and Tirzah. 4 Di girls go meet Eleazar di
priest, Joshua wey bi Nun pikin and di leaders kon sey, "God tell Moses sey make e give us land among awa pipol." So, Joshua give dem land among
dia papa brodas, just as God kommand. 5 Dem give Manasseh ten share
for di land join di ones wey e get for Gilead and Bashan wey dey Jordan
River east 6 and dem give Manasseh dotas some land among dia brodas.
Di rest for Manasseh shidren, na dem get di lands for Gilead.

7 Manasseh borda na from Asher go Mikmetat wey dey near Shekem.
From der, e from sout face doz wey dey stay Tappuah. 8 (Na Manasseh
get di land dem wey surround Tappuah, but Tappuah main town, na Efraim get am.) 9 Di borda na from sout go Kanah Valley. Dem give Efraim pipol some town among Manasseh towns, but Manasseh borda
na nort for di valley and e end for di sea. 10 Efraim aria na for sout,
while Manasseh own na for nort. Di sea na Manasseh borda for west and dia aria tosh Asher for nort and Issakar for east.

11 Near Issakar and Asher aria, dem give Manasseh, Bet-Shean, Ibleam where Dor town dey; Endor where Taanak dey and all di big and small towns wey dey near der.
12 But di men for Manasseh nor fit win dis towns and Kanaan pipol still
dey di aria with dem. 13 So Israel pipol pawa kon strong well-well pass Kanaan pipol own for dat aria, so dem kon force Kanaan pipol to bi dia slave, but dem nor fit win dem finish.

14 Josef shidren kon tell Joshua, "Wetin make yu give us only one part for di land? Wi many well-well, bikos God don bless us."

15 Joshua ansa dem, "If una many well-well and di kountries for hill too small for una, den make una go inside di forest kon klear Periz and Refah land for unasef."

16 Josef shidren ansa, "All di kountries for di hill nor good rish for us and Kanaan pipol wey dey stay di valley for Bet-Shean and di towns and Jezrel Valley get shariot wey get pawa well-well."

17 Joshua kon tell Josef family wey bi Efraim and Manasseh sey: "Una get many pipol and betta sojas wey get pawa. Una go get pass one share.
18 Di whole kountry for di hill go bi una own; even doh na forest, una

fit klear and take am. Una fit distroy Kanaan pipol for der, aldo dem get
strong shariot well-well."

# 18

*How Dem Divide Di Land*

1 Israel pipol gada for Shiloh and dem kon build di tent where dem for
dey meet, for der. Aldo dem don win di land, 2 dem neva still give seven
tribe for Israel dia own share for di land.

3 So Joshua tell Israel pipol: "Na how many years una won wait before
una start to stay all dis land wey una Oga God for Israel don give una?
4 Make una selet three-three men from each tribe. I go ask dem make dem
waka round di land kon draw di map for mi. 5 Den I go divide am into
seven. Judah go stay for di sout-side and Josef family go dey nort. 6 But as
for una, make una divide di land into seven, den bring am kom meet mi.
I go trow dice before di Oga awa God. 7 But Levi pipol nor go get any land
among una, bikos dia propaty na to serve God. Gad, Reuben and half for
Manasseh tribe don already take dia part for Jordan River east wey Moses
give dem."

8 Wen di men kom out, Joshua kon tell doz wey dey go look di land sey,
"Make una go waka round di land kon put am for map, den una go kom
back kom meet mi, so dat I go trow dice for una for God present as wi
dey Shiloh." 9 Di men waka round di land kon divide am into seven for di
book. Den dem kom back kom meet Joshua for di kamp for Shiloh. 10 For
der, Joshua kon trow dice for God present kon divide di land among Israel
pipol just as e suppose to bi.

*Benjamin Tribe Land*

11 Di first dice wey Joshua trow na for Benjamin tribe akordin to dia family.
Dia land na between Judah and Josef tribe.

12 Di borda for nort start for Jordan River go rish Jeriko for nort, den
e go di west side for di hill kountry go rish di desert for Bet-Aven. 13 E
cross from der go Luz kon go di sout for Luz (wey bi Bethel), den e go
Atarot-Addar for di hill wey dey sout for di low side for Bet-Horon.

14 E turn from di west side face sout from di hill wey dey near Bet-
Horon for di sout till e rish Kiriat-Baal (wey bi Kiriat-Jearim), di town
wey bi Judah tribe own. Dis na di borda for west.

15 Di sout-side start for Kiriat-Jearim kon go west for Neftoah wotaside.
16 Di borda go di hill kountry near Ben-Hinnom Valley wey dey Refah
Valley for nort. E from Hinnom Valley go di low land for Jebus aria for
sout, den kon go En-Rogel. 17 E go En-Shemesh nort and Gelilot opposite
Adummim Pass, den kon go Reuben pikin, Bohan Stone. 18 E from der
cross go di lowland for front of Arabah for nort go rish di main Arabah.
19 E cross go di lowland for Bet-Hoglah for nort kon end for di nort side
for di Salt Sea for Jordan River side. Dis na di borda for sout.

20 Jordan River borda dey for east.

Dis na di borda for di land wey dem give Benjamin tribe and en family.
21 Dis na di towns wey bilong to Benjamin tribe and family:

Jeriko, Bet-Hoglah, Emek-Kezizz, 22 Bet-Arabah, Zemaraim, Bethel,
23 Avvim, Parah, Ofrah, 24 Kefar Ammoni, Ofni and Gibeah. Dem bi twelf
big and small-small towns.
25 Gibeon, Rama, Beerot, 26 Mizpa, Kefirah, Mozah, 27 Rekem, Irpeel,
Taralah, 28 Zela, Haelef, Jebus pipol town (wey bi Jerusalem), Gibeah
and Kiriat. Dem bi fourteen big and small town.
All dis na di land wey Joshua give Benjamin tribe.

# 19

### *Simeon Share*

1 Di sekond koin wey Joshua trow na for Simeon tribe and family.
2 Dia land na Beersheba, Moladah, 3 Hazar-Shual, Balah, Ezem,
4 Eltolad, Betul, Hormah, 5 Ziklag, Bet-Marcabot, Hazar-Susah, 6 Bet-
Lebaot and Sharuhen. Dem bi thirteen big and small town.
7 Ain, Rimmon, Eta and Ashan. Dem bi four big and small town, 8 plus
all di towns wey rish Baalat Beer (Rama for Negev).
Dis na di land wey Joshua give Simeon akordin to en family. 9 Dem give
Simeon land from di ones wey dem give Judah, bikos Judah aria too big
for dem.

### *Zebulun Share*

10 Di third koin wey Joshua trow na for Zebulun tribe and family.
Di borda for dia aria rish Sarid. 11 Di borda from west go Maralah kon
tosh Dabbeshet and di valley wey dey near Jokneam. 12 From Sarid, e
turn face di east for Kislot-Tabor aria kon go Daberat and from der go
Jafia. 13 From der e cross go east for Gat-Hefa and Et-Kazin aria go rish
Rimmon kon turn go Neah. 14 E turn from nort go Hannaton till e end
for Jeftah-El Valley. 15 Dia aria na Kattah, Nahalal, Shimron, Idalah and
Betlehem and all of dem na twelf big and small towns.
16 All dis na di land wey dem give Zebulun tribe and dia family, plus di big
and small towns.

### *Issakar Share*

17 Di fourt koin wey Joshua trow na for Issakar tribe and family.
18 Dia land na Jezrel, Kesullot, Shunem, 19 Hafaraim, Shion, Anaharat,
20 Rabbit, Kishon, Ebez, 21 Remet, En-Gannim, En-Haddah and Bet-Pazez.
22 Dia borda tosh Tabor, Shahazumah and Bet-Shemesh kon end for
Jordan River. Dem get sixteen big and small town.
23 All dis na di land wey dem give Issakar tribe and dia family, plus di big
and small town.

### *Asher Share*

24 Di fift koin wey Joshua trow na for Asher tribe and family.
25 Dia land na Helkat, Hali, Beten, Akshaf, 26 Alammelek, Amad and
Mishal. Dia borda tosh Karmel for west and Shihor-Libnat. 27 E turn go
east kon face Bet-Dagon den tosh Zebulun and Jeftah-El Valley for nort,
e still tosh Emek and Neiel Valley kon go Kabul for nort 28 till e rish
Abdon, Ebron, Rehob, Hammon and Kanah and Greata Sidon. 29 E turn
face Rama plus di strong-strong towns for Tyre, den e turn face Hosah
kon end for di sea near Hebel, Akzib, 30 Umah, Afek and Rehob. Dem
get twenty-two big and small towns.

31 All dis na di land wey dem give Asher tribe and dia family, plus di big and small town.

### *Naftali Share*

32 Di sixt koin wey Joshua trow na for Naftali tribe and family.
33 Dia borda start from Helef and Zaanannim oak kon go Adami-Nekeb,
Jabneel until e rish Lakkum kon end for Jordan River. 34 E from der
turn face west for Aznot-Tabor till e rish Hukok kon tosh Zebulun for di
sout. Asher dey for en west and Jordan River for en east. 35 Di strong
towns na Ziddim, Zer, Hamat, Rakkat, Kinneret, 36 Adamah, Rama, Hazor,
37 Kedesh, Edrei, En-Hazor, 38 Yiron, Migdal-El, Horem, Bet-Anat and Bet-
Shemesh. Dem get nineteen big and small town.
39 All dis na di land wey dem give Naftali tribe and dia family, plus di big and small town.

### *Dan Tribe*

40 Di sevent koin wey Joshua trow na for Dan tribe and family.
41 Dia land na Zorah, Eshtaol, Ir Shemesh, 42 Shaalabbin, Aijalon, Itlah,
43 Elon, Timnah, Ekron, 44 Eltekeh, Gibbeton, Baalat, 45 Jehud, Bene-
Berak, Gat-Rimmon, 46 Jarkon wotaside and Rakkon plus di aria for Joppa front.
47 (Dan pipol nor fit win all dia aria, so dem kon go fight and win Leshem. Dem kill evritin for der kon bigin stay der. Dem kon name am, "Dan" wey bi dia grand-grand papa name.)
48 All dis na di land wey dem give Dan tribe and dia family, plus di big and small town.

### *Dem Give Joshua Land*

49 Wen dem don divide di land into seven, Israel pipol kon give Joshua,
Nun pikin some land. 50 As God tok, dem kon give Joshua di town wey e
ask for, wey bi, Timnat-Serah for Efraim hill kountry. So Joshua build di town kon bigin stay der.
51 Eleazar di priest, Joshua wey bi Nun pikin and Israel leaders, na dis bi di whole land wey dem divide and dem rite am for book kon put am for Shiloh for God present. So, dem kon divide di land finish.

# 20

### *Town Wey Dem Selet*

1 God kon tell Joshua: 2 "Israel pipol don selet di towns wey pesin go for
dey save and I tell yu dis tin thru Moses. 3 Anybody wey by mistake kill
pesin, fit run go der from di man wey go won kill-am.
4 "E fit run go one of dis towns kon go di judgement place for di town gate, den judge wetin happen give di leaders for der. Di leaders go take
am enter di town kon gi-am where e go stay. 5 Wen di pesin wey won take
revensh find am kom, dem nor go let am attack di man, bikos na mistake
e take kill di pesin. 6 E go stay di town until dem go judge en kase for di
kounsol or wen di High Priest don die. Den e fit go back to di town wey e from kom."
7 So dem selet Kedesh for Galilee wey dey Naftali kountry on-top di hill; Shekem wey dey Efraim kountry on-top di hill and Kiriat-Arba (wey bi
Hebron) wey dey Judah kountry for hill. 8 Afta dem cross Jordan River

for di east side for Jeriko, dem kon selet Beza for di desert wey bilong to Reuben tribe, Ramot for Gilead wey bilong to Gad tribe and Golan for Bashan wey bilong to Manasseh tribe. 9 Dis na di towns wey dem give all Israel pipol and doz wey dey stay with dem. Wen pesin kill anoda pesin by mistake, e fit run go der and who won kill-am nor go fit kill-am again, until di eldas judge en kase.

# 21

*Levi Towns*

1 Di leaders for Levi tribe go meet Eleazar wey bi priest, Joshua wey bi
Nun pikin and Israel leaders 2 for Shiloh wey dey Kanaan land kon sey, "God tell Moses sey make e give us town wey wi go stay and fields for awa
animals." 3 So Israel pipol give Levi tribe towns and fields from dia own, just as God don tok.

4 Dem share di first ones give Kohat family. Di Levi wey bi priest Aaron shidren kon get thirteen big towns from Judah, Simeon and Benjamin tribe.
5 Di rest for Kohat shidren get ten big towns from Efraim, Dan and half of Manasseh tribe.

6 Gershon shidren get thirteen big towns from Issakar, Asher, Naftali and half of Manasseh tribe wey dey Bashan.

7 Merari shidren and dia family get twelf big towns from Reuben, Gad and Zebulun tribe.

8 So Israel pipol give Levi tribe dia towns and fields, just as God tell Moses.
9 From Judah and Simeon tribe, na di towns wey dem give out bi dis.
10 Dem give Kohat family from Levi tribe wey bi Aaron shidren, bikos di first share na en own.

11 Dem give dem Kiriat-Arba (na Arba bi Anak papa), wey bi Hebron
for di hill kountry for Judah, plus di aria wey dey near am. 12 (Dem give
di fields and di towns wey dey near am to Kaleb wey bi Jefunneh pikin.)

13 So for Aaron shidren, di priest kon give dem Hebron (di town wey
pesin fit hide put make dem for nor kill-am), Libnah, 14 Jattir, Eshtemoa,
15 Holon, Debir, 16 Ain, Juttah and Bet-Shemesh, plus all di aria for der.

17 From Benjamin tribe, dem give dem Gibeon, Gibeah, 18 Anatot and
Almon, plus di aria wey dey near der and all of dem na four towns.
19 Di priests wey kom from Aaron family kon get thirteen towns, plus di aria for der.

20 Di rest for Kohat family for Levi tribe kon get big towns from Efraim tribe and dem bi:

21 Shekem (di town wey pesin fit hide put make dem for nor kill-am)
wey dey Efraim kountry for di hill, Geza, 22 Kibzaim and Bet-Horon, plus
all di aria for der and dem bi four big towns.

23 From Dan tribe, dem give dem Eltekeh, Gibbeton, 24 Aijalon and Gat-Rimmon, plus all di aria for der and dem bi four big towns.

25 From half of Manasseh tribe, dem give dem Taanak and Gat-Rimmon, plus all di aria for der and dem bi two big towns.
26 Di rest for Kohat family get ten towns and dia aria.

27 Dem give Gershon family for Levi tribe dis towns:

from half of Manasseh tribe, dem give dem Golan for Bashan (di town
wey pesin fit hide put make dem for nor kill-am) with Beeshtarah, all di
aria for der and dem bi two big towns.
28 From Issakar tribe, dem give dem: Kishon, Daberat, 29 Jarmut and
En-Gannim, plus all di aria for der and dem bi four big towns.
30 From Asher tribe, dem give dem: Mishal, Abdon, 31 Helkat and
Rehob, plus di aria for der and dem bi four big towns.
32 From Naftali tribe, dem give dem: Kedesh for Galilee (di town wey
pesin fit hide put make dem for nor kill-am), Hammot-Dor and Kartan,
plus all di aria for der and dem bi three big towns.
33 Gershon family get thirteen towns and dia aria.
34 Dis na di towns wey dem give Merari family (doz wey remain for Levi
tribe).
From Zebulun tribe, dem give dem: Jokneam, Kartah, 35 Dimnah and
Nahalal, plus all di aria for der and dem bi four big towns.
36 From Reuben tribe, dem give dem: Beza, Jahza, 37 Kedemot and
Mefaat, plus all di aria for der and dem bi four big towns.
38 From Gad tribe, dem give dem: Ramot for Gilead (di town wey pesin
fit hide put make dem for nor kill-am), Mahanaim, 39 Heshbon and Jazer,
plus di aria for der and dem bi four big towns.
40 Merari family (doz wey remain for Levi tribe) kon get twelf big towns.
41 Levi tribe kon get forty-eight big towns plus dia aria among di land
wey bi Israel pipol own. 42 All dis towns get betta aria round am and dem
resemble well-well.
43 So God give Israel pipol all di land wey E promise dia grand-grand
papa and dem win am kon dey stay der. 44 God dey protet dem, bikos of
di promise wey E make with dia grand-grand papa. E nor get any enemy
wey fit fight dem. 45 So, God do evritin wey E promise Israel pipol.

# 22

### *Di Tribe For East*

1 Den Joshua koll Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe
2 kon tell dem: "Una don do evritin wey God savant Moses tell una kon
obey evritin wey I tell una. 3 All dis time, una neva leave una pipol and
una always dey obey di Oga wey bi una God. 4 Naw, di Oga una God don
guide una brodas and sistas, just as E promise dem. So make una go back
to una house wey Moses, God savant divide give una for Jordan River east.
5 But make una dey obey God kommand and laws wey en savant Moses
tell una with kare; make una dey loyal to am kon serve am with all una
heart and body!"
6 Joshua give dem gift kon tell dem make dem go back to dia house.
7 (Naw, Moses give Bashan land to half of Manasseh tribe and Joshua kon
give Jordan River west to di oda half for Manasseh tribe and Israel pipol
wey dey with dem.) Wen Joshua sey make dem dey go house, e give dem
gift 8 kon sey, "Make una take dis tin dey go and dem bi plenty money,
many-many animals, silva, gold, bronze, iron and many klot. Di tins wey
wi karry from awa enemies, make una divide am among unasef."
9 So Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe kon leave Israel
pipol for Shiloh wey dey Kanaan, den dem go dia own house for Gilead
wey God give dem thru Moses.

### *No More War*

10 Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe rish Gelilot near
Jordan River for Kanaan land kon build one fine altar for der. 11 Israel pipol
hear wetin happen sey: “Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh
tribe don build one altar for di town door-mot for Gelilot wey dey Kanaan
near Jordan River for di oda side wey Israel pipol dey.” 12 Wen Israel pipol
hear wetin happen, dem kon gada for one place for Shiloh to go fight dem.

13 Israel pipol send Finehas, wey bi Eleazar di priest son go Gilead go
meet Reuben and Gad pipol plus half of Manasseh tribe. 14 Ten leaders
follow am go, one from each tribe, dem bi leaders for Israel family.

15 Dem kon go Gilead land go meet Reuben tribe, Gad tribe and half of
Manasseh tribe kon tell dem: 16 “Evribody for Israel wey bi God own sey
make wi ask una, ‘Wetin make una disobey Israel God as una don turn
from am. 17 Di sin wey wi sin for Peor nor bad rish? Till today wi neva fit
klean awasef finish; e even bring wahala kom meet us wey bi God pipol.
18 Naw, today, una don turn una back to di Oga una God!

“ ‘Today wey una dey fight against God so; E fit kon vex for di whole
Israel pipol. 19 But if una land nor dey okay bikos of sin, una fit cross
kom meet us for di land where God dey. But make una nor build altar for
unasef wey nor bi awa Oga God altar, bikos dat go show sey una dey fight
against God and wi. 20 Wen Zera pikin, Akan nor gri obey di kommand
about di town tins, na di whole town sofa am, even doh na only one man
sin. And nor bi only en die for di sin wey e kommit.’ ”

21 Den Reuben and Gad pipol and half of Manasseh tribe kon ansa Israel
leaders sey: 22 “Di Oga God, na-im strong pass oda gods! Di Oga God, na-im
strong pass oda gods! Na-im know di trut and Israel pipol must know di
trut too. If wi don sin or disobey God, make una nor sorry for us today!
23 If wi build altar for awasef kon turn from God as wi dey make ofrin and
sakrifice on-top am or dey offa ofrin of peace for awasef, make God ensef
ponish us.

24 “Wi swear sey wetin make us do like dis na, bikos wi dey fear sey
tumoro una shidren-shidren fit dey ask awa shidren-shidren sey, ‘Who
give una di rite to woship di Oga wey bi Israel God? 25 Na God make Jordan
River as boundary between wi and una (Reuben and Gad tribe). So una
nor get rite to woship God.’ And if e happen like dat, una shidren-shidren
fit make awa own stop to woship and obey God.

### *Altar to Remember God*

26 “So wi kon agri sey make wi build dis altar, nor bi to burn ofrin or
to sakrifice put, 27 but na to remind us and una and awa shidren-shidren
sey, wi go woship God for en present with burn ofrin, sakrifice and peace
ofrin. Den, tumoro una shidren-shidren nor go fit tell awa own sey, ‘Una
nor get rite to woship God.’

28 “Wi kon sey, ‘If dem tell us or awa shidren-shidren dis kind tin tumoro,
wi go ansa dem sey, “Si di fine altar wey awa grand-grand papa build for
God, nor bi for burn ofrin or sakrifice, but na to dey remind wi and una.”
’

29 “Wi nor go ever disobey God and wi nor go fit turn back from God
kon build altar wey wi go dey burn ofrin or do sakrifice put, apart from
di altar wey dey awa Oga God Temple!”

30 Wen Finehas wey bi priest, di kommunity and di family leaders wey
kom with am hear wetin Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh
tribe tok, body kon sweet dem well-well. 31 Finehas wey bi Eleazar pikin
and di priest kon tell Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe
sey, “Today wi don know sey God dey among us, bikos una neva disobey
God at-all. Naw, una don save all Israel pipol from God vexnashon.”

32 Finehas wey bi Eleazar pikin, di priest and di leaders kon leave Reuben
tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe for Gilead town kon go ripot
give di whole Israel wey dey Shiloh for Kanaan land. 33 Wen dem tell Israel
pipol evritin, belle sweet dem and dem kon tank God. Dem nor ever tok
again sey dem go distroy Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh
tribe.

34 Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe kon name di altar
and sey, “Really e go dey remind us sey na di Oga bi God.”

# 23

### *Joshua Tok To Israel Pipol*

1 E don tey since God don give Israel pipol rest from dia enemies and
Joshua don old well-well. 2 So Joshua gada all di pipol, plus di eldas, rulers,
judge and leaders kon tell dem sey: “I don old well-well. 3 Una si evritin
wey di Oga una God do to di oda nashons and as E take fight for una. 4 Di
nashons wey still remain, I don give dia land to una tribe, from Jordan
River go rish Mediterranean Sea for west, plus all di nashons wey I win.
5 Di Oga una God go drive dem komot for una, so dat una go fit stay dia
land just as di Oga una God promise una.

6 “Make una dey strong! Make una dey obey evritin wey dem rite for
Moses book with kare, so dat una nor go fall go left or rite, 7 or kon make
friend with di remainin nashons. Una must nor use dia god name take
make mout or tok about am! Una must nor woship or bow to dem! 8 But
una must dey loyal to di Oga una God, as una don dey loyal till today.

9 “For una front, God porshu nashons wey get pawa well-well; nobody
fit beat una kon rish today. 10 Only one of una fit make 1,000 pipol run,
bikos di Oga una God dey fight for una as E promise. 11 Make una dey very
kareful! Make una love di Oga wey bi una God!

12 “If una turn from God kon go enter agriment with di remainin towns
wey dey near una, den marry some of dem and bi friend with some, 13 den
make una know sey di Oga awa God nor go porshu dis nashons again. Dem
go trap and turn una to slave; dem go bi kane wey go dey tear una body
kon blind una eyes until una vanish komot from dis good land, wey di Oga
una God give una.

14 “Make una listin, I go soon die. Una know with all una heart and body
sey evritin wey God promise sey E go do, E don do am for us! 15 And na so,
E don do evritin wey E promise una sey E go do for una, but if una disobey,
God go bring all di judgement for una head, until E distroy una from dis
good land wey di Oga una God give una. 16 If una go against di Oga una
God kovenant wey E kommand make una keep kon follow, woship and
dey bow to oda gods, God go vex for una well-well and una go kwik-kwik
vanish komot from dis good land wey E give una.”

# 24

*Joshua And Di Pipol*

1 Joshua gada Israel pipol for Shekem. E koll Israel leaders, rulers, judge
and all of dem kom God present.
2 Joshua tell di pipol, "Dis na wetin di Oga wey bi Israel God tok: 'Before-
before, una grand-grand papa dey stay afta Eufrates River, plus Terah wey
bi Abraham and Nahor papa. Dem woship anoda god, 3 but I take una
papa Abraham cross di river kon bring am kom Kanaan land. I make
en shidren-shidren many and dem nor fit kount dem; I gi-am Isaak 4 and
Isaak born Jakob and Esau. I give Esau, Mount Seir, while Jakob and en
boys shidren go Egypt.
5 " 'I send Moses and Aaron go Egypt kon skata Egypt rish groun wen I
enter di land. Den I bring una kom out from Egypt. 6 Afta, I take una papa
dem kom out from Egypt and wen dem waka rish di Red Sea, Egypt soja
porshu dem with shariot. 7 Una papa kry to God make E help dem; den
di aria between una papa and Egypt sojas, God make am dark kon kill all
Egypt sojas inside di sea. Wetin E do for Egypt, una si am with una own
eye. Una stay tey for di desert.
8 " 'Den I kon bring una kom Amor pipol land wey dey east for Jordan
River. Dem fight with una, but I make una win dem; una kollect dia land
and I distroy dem finish for una front. 9 King Balak wey Zippor born for
Moab kon attack Israel. E koll Balaam, Beor son sey make e curse una. 10 I
nor gri listin to Balaam; instead e dey tok good tins about una and I save
una from en pawa.
11 " 'Una cross Jordan River kon rish Jeriko. Di leaders for Jeriko, plus
Amor, Periz, Kanaan, Hit, Girgash, Hiv and Jebus pipol kon fight una, but
I make una win all of dem. 12 I send fear go for una front go drive di two
king for Amor. I give una viktory, even wen una nor use swod, bow or
arrow. 13 I give una land wey una nor work hard to get; una dey big-big
towns where una nor build house put and una dey chop fruits wey dem
produce for vineyard and olive wey una nor plant.'

*Israel Promise to Serve God*

14 "Naw, make una obey God kon dey loyal as una dey woship am with
betta mind. Make una forget di gods wey una grand-grand papa dey serve
before-before for di oda side for di river and for Egypt and make una kom
woship God. 15 If una sey una nor won woship God, den today-today, make
una choose who una go woship, weda na una grand-grand papa gods wey
dey di oda side for di river, or Amor pipol gods wey dey di land wey una
dey stay so. But for mi and my whole house, na di Oga awa God wi go
woship and serve till wi die!"
16 Di pipol ansa, "Make God ponish us, if wi go woship anoda god!
17 Bikos na di Oga awa God take wi and awa papa dem komot from sofa
for Egypt kon do all doz mirakles for awa front. E still protet us wen wi
dey travel pass difren kountries. 18 God porshu all doz nashons komot for
us, plus Amor pipol wey dey stay di land. So wi go woship di Oga God,
bikos na-im bi awa God!"
19 Joshua kon warn di pipol, "Una nor go fit dey woship God as E wont,
bikos E dey holy. E dey jealous and E nor go forgive una if una turn from
am kon sin. 20 If una forget God kon go woship anoda god, E go turn

against una; E go bring wahala kom meet and distroy una, even doh E trit
una as pikin before."
21 Di pipol ansa Joshua, "Lie-lie! Na God wi go serve till wi die!"
22 Joshua tell di pipol, "Na una bi una own witness sey una dey sey, 'Una
go serve God till una die.' "
Di pipol ansa, "Yes! Na wi bi awa own witness."
23 Den Joshua sey, "So make una trowey all di oda gods wey una get kon
respet only di Oga wey bi Israel pipol God."
24 Di pipol tell Joshua, "Wi go woship di Oga awa God and wi go obey
am."
25 Dat day, Joshua agri with di pipol kon give dem kommand and as dem
go take follow am for Shekem. 26 Joshua rite dis words for God book. E
arrange big-big stones kon put di book on-top dem, under di oak tree near
God Temple.
27 Joshua tell di pipol, "Si, dis stones go bi witness against una, bikos e
don hear evritin wey God tell una. E go bi witness against anybody wey
deny awa God." 28 Den Joshua sey make evribody dey go and di pipol kon
go back to di land wey dem divide give dem.

*Joshua And Eleazar Die*

29 Afta all dis tins don happen, Joshua wey bi Nun pikin and God savant
kon die wen e bi one hundred and ten years. 30 Dem beri am for di land
wey dem gi-am for Timnat-Serah for Mount Gaash nort wey dey Efraim
hill kountry.
31 Thru-out di time wey Joshua dey alive with doz leaders wey dey with
am (before all of dem die), Israel pipol woship God. Dis leaders don si
evritin wey God do for Israel pipol.
32 Josef bone wey dem karry kom from Egypt, Israel pipol kon beri am
for Shekem, for part of di field wey Jakob buy from Hamor sons (Na Hamor
bi Shekem papa) and Jakob buy di field for one hundred silva koin.
33 Eleazar wey bi Aaron pikin kon die too and dem beri am for Gibeah
for di hill kountry for Efraim, where en pikin Finehas for get land.

# Judges
## Introdushon

Dis book tok about all di trobol wey follow Israel pipol as dem dey break di kovenant anyhow and dis kon make dem dey sofa under oda nashons. So dem kry to God for help and God ansa dem kon raiz judges wey fight and save dem. But e nor dey tey before Israel pipol kon bigin sin again Di Judges dem na men and wimen, some na sojas and odas na ordinary pipol. Jos as Israel bi twelf tribes, na so too di books tell us about twelf judges. But as di pipol choose to go dia own way, wi kon si sey dem don rijet dia true Judge and Ruler. As di leaders and judges dey kom and go, na so too Israel pipol kon dey wont to get dia own king to rule dem.

*Judah And Simeon Take Di Land*

1 Afta Joshua die, Israel pipol kon ask God, “Na wish tribe go first go
attack Kanaan pipol?”
2 God ansa, “Na Judah tribe, bikos I don give dem viktory ova di land.”
3 Den Judah men tell dia relashon from Simeon tribe sey, “Make una
join us go fight Kanaan pipol wey dey di aria wey God give us. Den wi
go follow una go fight and win una own aria too.” So Simeon men follow
Judah pipol.
4 Wen Judah men attack, God make dem win Kanaan and Periz pipol
and dem kill 10,000 men wey dey fight war for Bezek town. 5 As dem dey
Bezek, dem meet King Adoni-Bezek kon fight am. Dem win Kanaan and
Periz pipol. 6 King Adoni-Bezek kon dey run, but Israel pipol porshu and
katch am, den dem kut en big finger from en hand and en big toe for en
leg komot.
7 So Adoni-Bezek sey, “I don kut seventy kings hand and leg komot wons
and I make dem chop food from under my tabol. But naw, God don pay
mi back for wetin I do to dem.” So, dem karry am go Jerusalem and e die
for der.
8 Den Judah men attack and seize Jerusalem; dem kill all di pipol kon
burn di town rish groun.
9 Afta, dem go fight Kanaan pipol wey dey stay for di hill kountry; Negev
and for di hill bottom wey dey for di west side. 10 Dem mash against
Kanaan pipol for Hebron (wey dem dey koll Kiriat-Arba before), dem stay
der kon fight and win Sheshai, Ahiman and Talmai pipol.
11 From der, dem go fight doz wey dey Debir town (wey dem dey koll
Kiriat-Sefer before). 12 Den Kaleb sey, “I go give my dota Aksah as wife
to anybody wey go attack and seize Kiriat-Sefer.” 13 Kenaz wey bi Kaleb
yonga broda, na-im pikin Otniel attack and seize Kiriat-Sefer. So Kaleb
pikin, Aksah kon bi Otniel wife.
14 Di day wen Otniel dey marry Aksah, e kon tell di girl sey make e ask
en papa for land. So as di girl kom down from en donkey, Kaleb kon ask
am, “Na wetin yu wont?”
15 E ansa, “Abeg make yu give mi anoda gift. Yu don already give mi
land for Negev, but naw, I wont make yu give mi place where wota dey.”
Den Kaleb kon gi-am di spring for up-and-down.

16 Moses fada-in-law shidren-shidren, wey bi Ken pipol, follow Judah
pipol komot from Jeriko, di palm trees town, till dem rish di wildaness for
Judah. Dem go stay with doz wey dey der, near Arad town for Negev.

17 Afta, Judah pipol join Simeon pipol go fight Kanaan pipol for Zefat and
dem skata di town finish. Leta, dem kon koll di town, Hormah. 18 Dem
still attack Gaza, Ashkelon and Ekron town and di oda towns wey dey near
der.

19 God dey with Judah pipol, so dem take di hill kountry. But dem nor
fit drive di pipol wey dey di koast aria komot, bikos di pipol shariot, bi
like iron. 20 So dem give Kaleb, Hebron town just as Moses promise. So
Kaleb porshu Anak generashon komot der. 21 Benjamin tribe nor fit porshu
Jebus pipol komot Jerusalem finish, so till today, Jebus pipol still dey stay
for Jerusalem with Benjamin pipol.

22 Josef shidren-shidren, attack Bethel town and God help dem. 23 Dem
send men go spy Bethel (wey dem dey koll Luz before). 24 Dem meet one
man dey kom out from di town kon ask am, "Make yu show us how to
enter dis town and wi nor go kill yu." 25 So e show dem and dem kill
evribody wey dey di town, escept di man and en family. 26 Leta, di man
komot from der kon go Hit pipol land and e build en own town wey e koll,
Luz for der. Naim dem still dey koll am till today.

27 Manasseh pipol nor fit drive di pipol for Bet-Shean, Taanak, Dor,
Ibleam, Megiddo and doz wey dey near der. So doz pipol still dey stay der.
28 Israel pipol kon get pawa well-well and dem force and turn Kanaan pipol
to dia slave, but dem nor drive all of dem komot from di land. 29 Efraim
tribe nor fit drive Kanaan pipol wey dey Geza, so Kanaan pipol still dey
stay der with dem. 30 Zebulun tribe nor fit drive di pipol wey dey Kitron
and Nahalol, so Kanaan pipol still dey stay among dem. But dem force and
turn Kanaan pipol to dia slave. 31 Asher tribe nor fit drive di pipol wey
dey Akko, Sidon, Ahlab, Akzib, Helbah, Afek and Rehob, komot. 32 Instead,
Asher pipol dey stay and kontrol Kanaan pipol wey dey di land, bikos
dem nor fit porshu dem komot. 33 Na so too, Naftali tribe nor fit drive
Bet-Shemesh and Bet-Anat pipol komot, instead, dem dey stay and kontrol
Kanaan pipol wey dey di land. Dem force di pipol to work for dem as dia
slave. 34 Amor pipol force Dan tribe go stay for di kountries wey dey di
hill and dem nor let dem kom down again. 35 Amor pipol still dey stay for
Mount Heres, Aijalon and Shaalbim, but wen Josef shidren-shidren don
strong well-well, dem kon force Amor pipol to work as dia slave. 36 Amor
pipol borda start from Skorpion Pass go rish Sela and e still kontinue from
der go.

# 2

### *God Messenja For Bochim*

1 God angel komot from Gilgal go Bokim kon tell Israel pipol, "Na mi
bring una kom out from Egypt kon put una for dis land wey I promise to
give una grand-grand papa and I tok sey I nor go break my promise with
una. 2 I sey make una nor make kovenant with di pipol wey dey dis land
and make una distroy dia altar, but una nor do wetin I tell una. 'Wetin
make una do like dis?' 3 For dat time, I tell una sey, if una disobey mi, I

nor go drive di pipol wey dey stay for una land komot again. Dem go bi
wahala to una and dia god go dey sweet una to serve."
4 Wen God angel don tok to Israel pipol finish, all of dem kon dey kry.
5 So dem koll di place Bokim (wey mean "Cry") kon offa sakrifice give God.

### *How Joshua Take Die*

6 Afta Joshua don sey make di pipol dey go, each tribe komot go take di
land wey dem divide for dem. 7 So thru-out Joshua time, Israel pipol serve
God and even afta e don die, dem still kontinue to dey serve am, since di
leaders wey si all di good-good tins wey God do for dem still dey alive.
8 Joshua wey bi Nun pikin, God savant, die wen e bi one hundred and
ten years. 9 Dem beri am for en land wey dey Timnat-Heres, for Efraim
hill kountry, near di nort side for Mount Gaash.

### *Israel Pipol Sin*

10 Afta dat generashon die finish, di next generashon forget God and
evritin wey E don do for dem. 11 Israel pipol sin against God and dem kon
start to serve one juju wey dem dey koll Baal. 12 Dem forget di Oga wey bi
dia grand-grand papa God wey bring dem kom out from Egypt kon bigin
follow and woship di pipol wey dey around dem, gods. 13 Dem forget God
kon dey serve Baal and Ashtoret image. 14 Bikos of dis, God vex well-well
for dem, so E let tif karry all wetin dem get. E allow dia enemies opress
dem and dem nor fit protet demsef again. 15 Anytime wen Israel pipol go
fight war, God dey-dey against dem, just as God tok before and dem sofa
well-well.
16 Den God give Israel pipol leaders wey kom save dem from dia enemies
hand. 17 But dem nor still listin to di leaders, instead dem still dey serve
and woship oda gods and dem nor do like dia grand-grand papa wey obey
all God kommand. 18 As long as di leaders wey God give di pipol dey alive,
E help and diliver dem from dia enemies. God sorry for dem well-well wen
dem kry to am with pain, bikos of wetin dia enemies dey do dem. 19 But
anytime di leaders die, dem go-go kontinue di bad-bad tins wey dem dey
do. Dia own kon even worse pass di ones wey dia grand-grand papa do.
Dem follow oda gods; dey serve and woship dem; dem nor gri stop dia
sturbones and dem still dey do bad-bad tins.
20 So, God vex well-well for dem kon sey, "Bikos dis pipol don break my
kovenant wey I make with dia grand-grand papa and forget my kommand,
21 I nor go drive any of di nashon wey Joshua nor fit win before e die. 22 I
go use am take test dem weda dem go follow mi, just as dia grand-grand
papa do." 23 Na dis make God leave di nashons for der. E nor drive dem
komot or allow Joshua win all of dem.

## 3

### *Di Remainin Nashons*

1 Dis na di nashons wey God leave for di land to take test Israel pipol
wey neva fight war with Kanaan pipol before. 2 E leave doz nashon for
der, bikos E won use dem take tish di yong pipol for Israel wey neva fight
war before. 3 Na di nashon dem bi dis: Filistia pipol (doz wey dey under
di five Filistia rulers), all Kanaan, Sidon and Hiv pipol wey dey stay for
Mount Lebanon; from Baal-Hermon mountin go rish Lebo-Hamat. 4 God

leave dis pipol to take test Israel pipol, weda dem go obey di kommand
wey E give dem thru Moses, dia grand-grand papa.
5 So Israel pipol kon dey stay among Kanaan, Hit, Amor, Perez, Hiv
and Jebus pipol 6 and dem marry demsef too. Israel sons marry Kanaan
girls; while Israel girls marry Kanaan sons and Israel pipol kon dey serve
Kanaan gods.

### *Otniel*

7 Israel pipol forget di Oga dia God; dem sin against am kon bigin serve
Baal and Asherah juju. 8 So God vex well-well kon send dem go serve King
Kushan-Rishataim for Aram Naharaim for eight years. 9 Wen Israel pipol
kry give God make E help dem, God kon send one man among dem wey
save dem. En name na Otniel wey en papa na Kenaz wey bi Kaleb yonga
broda. 10 God Spirit enter am, so e kon bi leader for Israel. E go war
go fight against King Kushan-Rishataim and God kon help Otniel, win am.
11 So peace kon dey di land for forty years. Den Otniel wey bi Kenaz pikin
kon die.

### *Ehud*

12 Israel pipol sin against God again, so God kon give dem to King Eglon
for Moab. 13 King Eglon join Ammon and Amalek pipol kon fight and win
Israel pipol, den dem take Jeriko town wey palm tree full. 14 Israel pipol
serve King Eglon for Moab, for eighteen years.
15 But wen Israel pipol kry give God for help, God kon still send one
man go save dem. En name na Ehud, Gera pikin. Na left hand e dey use
pass and e kom from Benjamin tribe. Israel pipol send Ehud go meet King
Eglon for Moab with many gift. 16 Ehud make swod wey get two mout and
e long small. E hide am for di rite side under en klot. 17 Den e take gift go
give King Eglon wey fat well-well. 18 Wen Ehud don gi-am di gift, en and
di men wey bring di gift kon dey go house back. 19 But Ehud go back go
meet King Eglon and wen e rish di Idol Stone near Gilgal, e kon tell am,
“My oga, I get one sekret message for yu.”
So di king kommand en savants, “Make una kwayet!” Den e sey make
dem komot from di room.
20 So Ehud waka go meet Eglon for where e sidan alone for one kool
room for upstair, den e sey, “I get one message from God for yu!” As King
Eglon get up from en chair, 21 Ehud use en left hand bring out di swod for
where e hide am put kon shuk di king for belle. 22 Di swod enter di King
belle well-well sotey e kover di swod head. So Ehud nor fit pul di swod
komot from en belle and all di king intestine kon kom out. 23 Den Ehud go
outside, klose and lock di door, den e kon pass di toilet run go.
24 Afta Ehud don go, di king savant kon si sey di room door dey lock.
Dem tink sey di king dey di toilet for di palor, 25 so dem kon dey wait, but
afta sometaim wen e nor kom out, dem take di key open di door kon si dia
masta don die for groun.
26 Ehud run pass di Idol Stone go Seirah, as di oda savants still dey wait.
27 Wen e rish di hill kountry for Efraim, e blow trumpet kon koll Israel
men for war; den e lead dem kom down from di hill.
28 E tell dem, “Make una follow mi, bikos God don give una viktory ova
una enemies, (Moab pipol).” So dem follow am kon seize di place wey
Moab pipol dey pass cross go Jordan River and dem nor allow anybody

cross. 29 Dat day, dem kill about 10,000 men wey strong well-well for Moab
and no one among dem fit eskape. 30 So Israel pipol win Moab pipol dat
day and peace kon dey di land for eight years.

### *Shamgar Judge Israel Pipol*

31 Afta Ehud, di next leader wey Israel get na, Shamgar, Anat pikin and
en too save Israel pipol wen e use animal bone take kill 600 Filistia pipol.

# 4

### *Deborah And Barak*

1 Afta Ehud die, Israel pipol sin against God again. 2 So God kon give
dem to King Jabin for Hazor for Kanaan make e rule dem. Di kommander
for en sojas na Sisera, wey kom from Haroshet-Haggoyim. 3 Sisera, get
900 iron war horse and e opress and rule Israel pipol with wikedness for
twenty years, before Israel pipol kon kry give God make E help dem.

4 Dat time, Deborah wey bi Lappidot wife, na profetes and judge for
Israel. 5 E dey always sidan under one palm tree wey dey between Rama
and Bethel for Efraim hill kountry and Israel pipol dey go der go meet
am, make e judge dem. 6 One day, e send message go koll Barak, Abinoam
pikin, wey dey stay for Kedesh for Naftali land kon tell am, "Dis na wetin
di Oga wey bi Israel God kommand sey make yu do: Make yu koll 10,000
wariors from Naftali and Zebulun tribe go Mount Tabor. 7 And I go bring
Sisera, kommander for Jabin sojas, with en war horse and warrior kom
Kishon River and for der, I go give una viktory ova am."

8 But Barak ansa, "If yu nor follow mi go, I nor go-go anywhere."

9 Den Deborah sey, "Okay! I go follow yu go, but nobody go praiz yu
for dis war, bikos God don sey na woman go kill Sisera." So Deborah kon
follow Barak go Kedesh. 10 Barak koll Zebulun and Naftali tribe kon gada
dem togeda for Kedesh and na 10,000 wariors follow am. Deborah still
follow am go too.

11 By dis time, Heba, one Kenite man, komot from where en oda
tribe pipol dey, go build en tent for near Kedesh, near one oak tree for
Zaanannim. Na Moses broda-in-law wey Hobab bi en grand-grand papa.

12 Wen dem tell Sisera sey, Barak, Abinoam pikin don go Mount Tabor,
13 e koll en 900 iron war horse and en men, den dem mash komot from
Haroshet-Haggoyim go Kishon River.

14 Deborah tell Barak, "Make yu ready, bikos God dey lead yu and today
E go give yu viktory ova Sisera." So Barak kom down from Mount Tabor
with en 10,000 men. 15 Wen Barak attack, God kon konfuse Sisera and en
men. Sisera kom down from en war horse kon take leg dey run. 16 But
Barak porshu di war horse and Sisera men go Haroshet-Haggoyim kon kill
all of dem for der.

17 By dat time, Sisera run go meet Jael wey bi Herber from Kenite, wife.
Bikos King Jabin for Hazor and Herber family na friends.

18 Jael go outside go meet Sisera kon tell am, "My oga! Make yu kom
inside my house. Make yu nor fear at-all." So Sisera go inside, den di
woman hide am kon take blanket kover am.

19 Sisera tell am, "Abeg, make yu give mi wota drink, bikos my trot don
dry." So di woman gi-am milk from one leda bag, den kon kover am again.

20 Den Sisera tell di woman, “Make yu stand for di door and if anybody kom ask yu weda pesin dey here, make yu sey no.”
21 But as Sisera dey sleep, bikos e don taya well-well, Jael kon take hammer and nail waka small-small go near am kon nail en head from di korna join groun, so Sisera kon die.
22 Wen Barak find Sisera rish der, Jael tell am, “Make yu kom si di man wey yu dey find.” So Barak follow di woman enter di tent and e kon si sey Sisera don die, bikos di woman nail en head join groun.
23 So for dat day, God kon give Israel pipol viktory ova Jabin wey bi
Kanaan pipol king. 24 From dat time go, Israel pipol kon get pawa and
strong more-more pass King Jabin, until dem distroy am finish.

# 5

### *Deborah Song*

1 For dat day, Deborah and Barak, Abinoam pikin, sing dis song:
2 “Make una praiz God!
Israel leaders agri to go fight
and di pipol happy follow dem.
3 Una wey bi king, make una listin!
Una wey bi rulers, make una hear mi!
Bikos I go sing and play music give God,
di Oga for Israel.
4 My God, wen Yu komot from Seir go Edom,
di eart shake and rain start to fall from di sky;
5 di Oga wey bi Sinai
and Israel God, mountins skata for yor present.
6 For di time wey Shamgar, Anat pikin
and Jael dey rule,
pipol nor dey gri pass di main road
and dem dey hide travel.
7 Na only few pipol remain for Israel village,
until Deborah kom stand
as Israel pipol mama.
8 Den war start for di town
bikos Israel pipol bigin serve oda gods.
But e get any man for Israel among di 40,000 men
wey karry shield or spear go fight?
9 I like doz leaders for Israel
and doz wey gri to fight war.
Make wi praiz God!
10 Una wey dey ride fine donkey;
wey dey use fine blanket for una horse
and doz wey dey take leg waka,
make una tok about am. 11 Make una listin,
doz wey dey near di well dey sing,
bikos God and Israel pipol don win!
Den God pipol go mash
kom from dia towns.
12 Deborah, make yu wake-up!
Deborah, I sey make yu wake-up!

Make yu wake-up kon sing song!
Barak wey bi Abinoam pikin,
make yu stand up go free doz wey dey prison.
13 Den doz wey remain kom down from Tabor go meet dia leaders. God pipol dey ready to fight.
14 Dem from Efraim go di valley,
di land wey bi Amalek pipol own before
and dem follow Benjamin tribe with en men.
Di kommanders kom from Makir
and di ofisas kom from Zebulun.
15 Di prince dem for Issakar dey with Deborah
and Barak.
Dem follow Barak go di valley.
But Reuben tribe divide,
bikos dem nor gri kom.
16 Why una sidan for house with di sheep?
Na to listin to di shepad wen dem koll dia animals?
'Yes!' Reuben tribe divide
and dem nor gri kom.
17 Gilead pipol dey for Jordan River east,
while Dan pipol dey near di sheep.
Asher pipol nor gri komot from di wotaside,
dem dey stay near di river.
18 But Zebulun and Naftali pipol risk dia life
kon go fight war.
19 Kanaan kings kom fight
for Taanak near Megiddo wota,
but dem nor take any silva komot der.
20 From di sky, di stars dey move
and fight against Sisera.
21 Kishon River karry dem go.
So I go mash face dem with full force!
22 Di horse dem dey shake di groun,
bikos dem dey mash am pass with force.
23 God angel sey, 'Make una curse Meroz pipol.
Make curse follow dem,
bikos dem nor gri help God pipol;
dem nor kom fight for dem.'
24 Jael wey en husband na Heba
wey kom from Kanaan,
na-im dey bless pass among evry woman.
Na Jael God bless pass all di wimen
wey dey stay tent.
25 Sisera ask am for wota, but e gi-am milk.
E use fine bowl take bring di milk for am.
26 Den e use en left hand take hold di nail
kon hammer Sisera thru en head with en rite hand.
27 Sisera fall kon knee down for di woman front.
Na di woman leg e fall near and na der e for die
28 Sisera mama look outside from window,
bikos e dey wait for Sisera make e kom,

den e kon sey,
'Why en shariot nor kwik kom?
Why wi nor dey hear en shariot nois?'
29 Di wise wimen dem ansa am,
but di woman still dey tell ensef sey,
30 'May bi dem dey divide di tins wey dem seize;
dat is, one girl or two for evry man.
Sisera dey gada fine klot;
klot wey dem design well.
Yes! Fine-fine robe wey dem design for di two side,
dey join wetin dem seize.'
31 My God, make all yor enemies die like Sisera!
But make doz wey love Yu, shine like sun!"
So peace kon dey for di land for forty years.

# 6

### *Gideon*

1 Israel pipol sin against God again, so E allow Midian pipol rule dem
for seven years. 2 Midian pipol get pawa well-well and Israel pipol kon
dey hide for rock and oda place wey dey save for di hills. 3 Anytime wen
Israel pipol plant, Midian, Amalek pipol and anoda tribe for di desert go
kon attack dem. 4 Dem go kamp for di land kon distroy all dia plants from
di aria for sout go rish Gaza. Dem go karry all di animals and dem nor
go leave anytin make Israel pipol chop. 5 Dem go kom with dia kattle and
tent wey tick like lokust. Dem go use dia kamel take skata di land 6 and
Israel pipol nor fit do dem anytin.

7 Den, Israel pipol kon kry give God make E help dem. 8 So God send one
profet go meet dem with dis message: "Dis na wetin di Oga wey bi Israel
God dey tok: 'I take una komot Egypt for where una for bi slave. 9 I save
una from Egypt pipol and from all di pipol wey opress una. I porshu all
una enemies kon give una dia land. 10 Den I tell una sey, "Na mi bi una
Oga and God. Una must nor woship Amor pipol gods; even doh una dey
stay dia land naw." But una nor gri listin to mi.' "

### *Gideon And God*

11 Den God angel kom Ofrah village kon sidan under di oak tree, wey bi
Joash wey kom from Abiezer family, own. Den, en pikin Gideon dey hide
pick wheat for one wine press, so dat Midian pipol nor go si am. 12 Di
angel appear to am kon sey, "Strong man, God dey with yu!"

13 Gideon ansa, "My Oga! If God really dey with us, wetin make all dis
tins dey happen to us? And where all di mirakle wey awa grand-grand
papa dem tell us? Bikos dem sey, 'Na God take us komot from Egypt!' But
naw, God don forget us kon allow Midian pipol dey rule us." 14 Den God
angel turn kon tell am, "Make yu go with di pawa wey yu get kon save
Israel pipol from Midian pipol, bikos na mi dey send yu!"

15 Gideon ansa, "My Oga! Na how I go take save Israel pipol? Na my
family weak pass for Manasseh tribe and na mi small pass for di family!"
16 Den di angel tell am, "Yu go fit do am, bikos I go dey with yu and yu
go distroy Midian pipol like sey yu dey fight one pesin." 17 Gideon sey, "If
yu go really help mi, den make yu show mi sign, so dat I go know sey na

di Oga God really dey tok to mi. 18 Abeg, make yu nor komot until I bring
food kon offa give yu.”
Di angel ansa, “I go stay here until yu kom.”

19 Den Gideon rush go house go kook one yong goat den e use flower
bake bread wey nor get yist. E put di meat for basket kon put di bread for
pot, den e karry am go give di angel wey dey under di oak tree.

20 Di angel tell am, “Make yu put di meat and di bread for dis rock, den
pour di oil on-top.” So Gideon do as e tok. 21 God angel tosh di meat and
bread with di stik wey e hold and fire kom out from di rock kon burn di
food finish. Den di angel disappear. 22 Gideon bigin kry, wen e kon know
sey na God angel bi dat, den e sey, “My Oga God wey get pawa, I don si
yor angel face-to-face!”

23 But God tell am, “Nor worry or fear, bikos yu nor go die.”

24 So Gideon build one altar for der give God kon koll am, “Yahweh
Shalom wey mean, ‘Na Oga God bi peace.’ ” Till today, di altar still dey
for Ofrah wey bi Abiezer family land.

### *Gideon Distroy Di Altar*

25 Dat nite, God tell Gideon, “Make yu take yor papa melu and anoda
seven years melu, den distroy and skata yor papa Baal altar and di Asherah
juju wey dey near am. 26 Den, yu go build betta altar for di Oga yor God
on-top dis hill. Afta yu don build di altar, yu go take di sekond melu kon
burn am as ofrin for di altar and yu go use di Asherah juju pole wey yu
skata, take do firewood.”

27 So Gideon take ten among en savant follow body go do wetin God tok.
But e do am for nite, bikos e dey fear en family and di pipol for di town.

28 Wen di pipol wake-up di next day, dem si sey dem don distroy di juju
altar kon skata di Asherah juju wey dey near am. Dem kon si di sekond
melu wey dem burn as ofrin on-top di new altar wey dem build for der.

29 So dem ask demsef, “Na who do dis tin?” Afta dem don ask evribody,
dem kon know sey na Gideon wey bi Joash pikin, do am.

30 So di pipol tell Joash, “Make yu bring yor pikin kom out, bikos e must
die for wetin e do so.”

31 But Joash tell di pipol wey kom meet am, “Why una dey fight for di
juju? Una dey defend am? Anybody wey won fight or defend di juju,
dem go kill-am before morning! If Baal really bi god, den make e defend
ensef kon distroy and kill di pesin wey skata en altar!” 32 From dat time
go, dem kon dey koll Gideon, “Jerub-Baal,” bikos Joash sey, “Make Baal
defend ensef, bikos na en altar dem distroy.”

### *Gideon Gada Di Sojas*

33 Leta, Midian, Amalek pipol and anoda tribe for di desert gada togeda
kon cross Jordan River go kamp for Jezrel Valley. 34 Na wons God Spirit
enter Gideon body, so e blow trumpet take koll all Abiezer family kom out
make dem follow am. 35 E send messenjas go Manasseh, Asher, Zebulun
and Naftali sey make all dia sojas kom and dem kon follow am.

36 Den Gideon tell God, “If Yu won really use mi take save Israel, just as
Yu promise, 37 den make Yu show mi with di sign wey I go ask for: Dis
nite, I go put wool for where wi for dey pick wheat, but wen day break
and I si sey dew wet di wool and di groun dey dry, den I go know sey Yu
go help mi save Israel pipol, just as Yu promise.” 38 And evritin happen as

Gideon tok am. Wen Gideon wake-up for morning, e skwiz di wool and di wota wey kom out, full one bowl.
39 Den Gideon tell God, "Abeg! Make Yu nor vex for mi sey I still won tok, bikos I still like do one test with di wool and dis time, I like make di wool dey dry, while di groun go soak with wota."
40 So dat nite, God do wetin Gideon ask for. Di next day, di wool dry well-well, but dew soak di groun.

# 7

### *Gideon And Midian Pipol*

1 One day, Gideon and en men get up for early morning kon go stay near
Harod where wota dey flow pass. Midian pipol kamp dey for di valley
near di nort side wey divide dem from Moreh hill. 2 God kon tell Gideon,
"Di men wey yu get too many for mi to give una viktory ova Midian pipol.
Dem go tink sey na dem win by demsef and bikos of dat, dem nor go kon
tank mi. 3 So make yu tell dem, 'Anybody wey dey fear, make e go back to
en house and wi go stay here for Mount Gilead.' " So 22,000 pipol kon go
house back, but 10,000 pipol still remain.
4 But God still tell Gideon, "Di men wey yu get still too many, make yu take dem go di wota and I go choose di ones wey I wont, for der. If I tell yu sey, 'Make dis man follow yu,' e go follow and if I sey, 'Make dis man nor follow,' e nor go follow yu."
5 So Gideon take di men go di wota, den God tell am, "Make yu take doz
wey drink di wota like dog and nor bi doz wey go knee down drink am."
6 And na only three hundred men drink di wota like dog, but di rest knee
down drink am.
7 God tell Gideon, "I go use dis three hundred men wey drink di wota
like dog, take save and give yu viktory ova Midian pipol. So, make yu tell
di remainin pipol make dem dey go dia house back." 8 So Gideon send di
men go dia house, escept di three hundred men wey follow di rules and
na dem dey keep di trumpets. Midian pipol kamp dey under Israel pipol
own for di valley.

### *God Tok With Gideon*

9 Dat nite, God tell Gideon, "Get up make yu go attack Midian pipol,
bikos I don give yu viktory. 10 But if yu dey fear to attack, make yu and
yor savant Purah, go di kamp 11 and una go hear wetin dem dey tok, den
from der, yu go get di mind to attack." So Gideon and en savant Purah kon
go near dia enemy kamp. 12 Midian and Amalek pipol and di men wey
dey stay di desert, many for di valley like worm and dia kamel many like
san-san for wotaside.
13 Wen Gideon rish der, e hear one man dey tell en friend about di dream wey e dream kon sey, "I dream sey, bread wey nor get yist roll enter awa kamp kon nak and skata awa tents for groun."
14 So di friend ansa, "True-true, Gideon, Joash pikin wey kom from Israel, na en swod bi dat o-o! Na wetin di dream mean bi dat! God don gi-am viktory ova Midian pipol and all awa sojas."

### *Gideon Distroy En Enemies*

15 Wen Gideon hear di dream and wetin e mean, e knee down kon woship God. Den e go back to en kamp kon sey, "Make una get up! Bikos God don

give us viktory ova Midian sojas.” 16 E divide en three hundred men into
three groups kon give each pesin trumpet and cup wey tosh dey inside.
17 E tell dem, “Wen wi rish di kamp korna, make una do anytin wey I
do. 18 And as mi and my group blow awa trumpet, make una blow una
own round di kamp kon shaut, ‘Dis one na for God and for Gideon!’ ”
19 As dem just shange doz wey dey guide before mid-nite, Gideon and
en hundred men kom di kamp korna kon blow dia trumpet and break di
cup wey dey dia hand, 20 den di oda group, do di same tin too. All of dem
hold dia tosh for dia left hand, while di trumpet dey dia rite hand and dem
kon shaut, “One swod for God and for Gideon!” 21 Each man stand for one
place round di kamp and dia enemies sojas kon dey shaut run komot from
di place wey dem dey.
22 Wen Gideon men dey blow dia trumpet, God make di enemies bigin
fight demsef with dia swod. So dem run go Zaretan, wey far rish Bet-
Shittah and Abel-Meholah town, near Tabbat. 23 Israel pipol from Naftali
Asher and Manasseh tribes kom out kon porshu Midian pipol.

*Gideon And Efraim Pipol*

24 Gideon send messenjas go all di hill kountry for Efraim sey, “Make
una kom join mi fight Midian pipol and make una guide Jordan River and
di small rivers go rish Bet-Barah, so dat Midian pipol nor go cross go der.”
So Efraim men kon go guide di river. 25 Dem katch two Midian shief wey
bi, Oreb and Zeeb. Dem kill Oreb for Oreb rock and Zeeb for where dem
for dey press wine and di place name na Zeeb. Israel pipol still porshu
Midian pipol, but dem bring Oreb and Zeeb head kom give Gideon for
Jordan River east.

# 8

1 Den Efraim men tell Gideon, “Why yu do us like dis? Wen yu dey go
fight Midian pipol, why yu nor koll us?” Dem kon dey komplain about am.
2 But e tell dem, “Make una nor vex! Even doh una nor kwik kom, wetin
una do still big pass di ones wey mi and my men do. E just bi like wen
dem harvest grape: di grape wey Efraim tribe waka leave for groun, betta
pass all di ones wey Abiezer harvest! 3 Si, na una use God pawa take kill
Midian pipol two shief, wey bi Oreb and Zeeb. Wetin I do wey rish dat
one?” Wen e tok like dis finish, di pipol kon stop to vex.

*Gideon Katch Midian King*

4 For dis time, Gideon and en three hundred men don cross Jordan River.
Dem don taya, but dem still dey porshu dia enemies. 5 Wen dem rish
Sukkot, Gideon tell di men for di town sey, “Abeg, make una give my men
some bread make dem chop, dem don taya and I dey porshu Zebah and
Zalmunna wey bi Midian pipol kings.”
6 But Sukkot leaders ansa, “Why yu wont make wi give yor men food
wen una neva katch Zebah and Zalmunna.”
7 So Gideon ansa, “Okay no problem! By di time wey God go put dem
for my hand, I go flog una with kane and shuku-shuku wey I plok from
desert!”
8 So Gideon go Penuel go meet di pipol wey dey der kon beg dem for di
same tin, but dem ansa am, just like Sukkot leaders. 9 E tell dem, make
una nor worry, “I dey go, I go kom back alive and nor-tin go do mi. And
by di time wey I kom back, I go distroy una towa!”

10 By dat time, Zebah and Zalmunna and dia soja, dey Karkor. Dem bi
only 15,000 wey remain from all di men wey dey di desert tribe and dem
don kill 120,000 of dia soja. 11 Gideon pass di road wey dey di desert korna
for di east side for Nobah and Jogbehah kon go attack di sojas for der. 12 Di
two Midian king wey bi Zebah and Zalmunna run komot, but e porshu and
katch dem and dis tin kon make all di sojas sopraiz.
13 Wen Gideon dey kom back from di war, e kon pass thru Heres Pass
and 14 e katch one man from Sukkot kon ask am kweshon, den di man
rite di 77 leaders name for Sukkot, give Gideon. 15 Den Gideon go meet
Sukkot men kon tell dem, "Una remember di time wen una sey una nor
go fit help mi? Una sey una nor go fit give my sojas wey don taya food to
chop, bikos I neva katch Zebah and Zalmunna. Naw, make una si dem!"
16 So e take kane and shuku-shuku from di desert kon flog Sukkot leaders.
17 E still distroy Penuel towa kon kill di men wey dey di town.
18 Den, Gideon ask Zebah and Zalmunna, "Di men wey una kill for Tabor,
make una tell mi how dem bi!" Dem ansa, "Dem bi like yu, all of dem bi
like king pikin." 19 So Gideon sey, "Dem bi my brodas, my mama shidren.
If to sey una nor kill dem, I swear I nor for kill una." 20 Den e tell en senior
pikin Jeta, "I kommand yu make yu kill dem!" But di pikin nor gri bring
out en swod, e dey fear, bikos e still bi small boy.
21 So Zebah and Zalmunna kon tell Gideon, "Make yu kill us yorsef, bikos
yu nid to get heart like man first, before yu go fit do wetin man dey do."
So Gideon kill dem kon take di gold wey dey dia kamel neck.

### *Gideon Rijet Crown*

22 Leta, Israel pipol tell Gideon, "Make yu bi awa ruler, yu and yor
shidren-shidren, bikos yu don save us from Midian pipol hand."
23 But Gideon ansa, "I nor go fit bi una ruler, even my pikin nor fit. Na
God go bi una ruler." 24 And e still sey, "Make I beg una for one tin. Make
all of una give mi di ear-ring wey una take from Midian pipol." (dis na
bikos, Midian pipol and oda desert pipol, dey wear gold ear-ring.)
25 Di pipol ansa, "Wi go dey happy to give yu." So dem put klot for groun
and evribody kon put di ear-ring wey dem take. 26 Di gold ear-ring wey
Gideon kollect, heavy rish 20 kilogram and dis ones nor join di fine-fine
gold, necklaces and di purpol klot wey Midian king dem dey wear and di
kollar wey dey round dia kamel neck. 27 So Gideon make image with di
gold kon put am for Ofrah wey bi en own town. Israel pipol forget God
kon go der dey go woship di image. And e kon turn wahala for Gideon
and en family.

### *Gideon die*

28 So Israel pipol win Midian pipol and dem nor kon dey fear dem again.
Di land kon get peace for forty years until Gideon die. 29 Gideon go back to
en own town kon stay der. 30 E get 70 sons, bikos e marry many wife. 31 E
still get one girl-friend for Shekem wey born one pikin for am and e kon
koll am, Abimelek. 32 Gideon, Joash pikin, old well-well before e die and
dem beri am for en papa Joash grave, for Ofrah wey dey Abiezer town.

### *Israel Pipol Go Serve Baal Again*

33 Afta Gideon don die, Israel pipol kon dey sin against God, bikos dem
dey woship Baal. 34 So dem nor kon dey serve and woship di Oga God

wey save dem from all dia enemies wey dey around dem. [35] Even with
all di good tins wey Gideon do for Israel pipol, dem still dey trit en family
anyhow.

# 9

*Abimelek Kill En Brodas*

[1] Naw, Abimelek wey bi Gideon pikin, go Shekem town, where all en
mama family dey stay kon tell dem [2] make dem ask Shekem men sey,
"Wetin make una wont make Gideon 70 shidren rule una, wen e bi sey
only one man fit rule una? Make una remember sey, Abimelek na una
own flesh and blood o-o."

[3] So en mama family kon tok to di men and dem kon agri to follow
Abimelek, bikos e bi dia own family pesin. [4] Dem gi-am 70 pieces for silva
from Baal temple and e use am take go hire wiked men wey nor dey obey
di law. [5] Den e go en papa house for Ofrah kon kill en step brodas, di 70
son wey Gideon born. E kill all of dem on-top one stone. But na only Jotam
wey bi Gideon last born, run bikos e hide. [6] All di leaders for Shekem and
Bet-Millo kon make Abimelek king for di oak tree near di pila for Shekem.

*Jotam Parabol*

[7] Wen Jotam hear wetin happen, e go stand on-top Mount Gerizim kon
shaut tell di pipol wey dey groun sey, "Shekem leaders, make una hear mi,
so dat God go hear una! [8] One day, all di tree gada togeda to choose king
for demsef. Dem tell di olive tree sey, 'Kom bi awa king!'

[9] "But di olive tree ansa, 'I nor go fit stop to produce my oil wey dem
dey use take dey honor gods and human being, just bikos I won bi king!'

[10] "Den all di tree tell di fig sey, 'Make yu kom bi awa king.'

[11] "But di fig tree ansa, 'I nor go fit stop to produce my good sweet fruit,
just bikos I won bi una king.'

[12] "So dem tell di grape vine sey, 'Make yu kom bi awa king.'

[13] "But di grape vine ansa, 'I nor go fit stop to produce my wine wey dey
make gods and human being happy, just bikos I won bi una king.'

[14] "Den all di tree kon tell shuku-shuku sey, 'Make yu kom bi awa king.'

[15] "Di shuku-shuku ansa, 'If una really wont make I bi una king, den
make una kom stay under mi. If not, fire go from my shuku-shuku
branches burn Lebanon cedars.' "

[16] Naw Jotam kon sey, "Wen una make Abimelek una king, una really
dey honest and sincere? Una respet Gideon kon trit en family well since
e deserve am? [17] Make una remember sey, my papa fight and risk en life
take save una from Midian pipol hand. [18] But today, una don turn una back
against my papa family. Una kill en 70 son on-top one stone. Abimelek na
en pikin wey di savant woman born for am and na una family, so una kon
make am king for Shekem. [19] So, if wetin una do to Gideon and en family,
dey good and honest, den make una happy with Abimelek and e go happy
with una too. [20] But if e nor dey good for una eye, make Abimelek burn
Shekem and Bet-Millo men with fire. Den fire go kom out from Shekem
and Bet-Millo kon burn and kill Abimelek too." [21] Bikos Jotam dey fear
Abimelek en broda, e kon run go stay for Beer.

*God Do Wetin Jotam Tok*

22 Abimelek rule Israel pipol for three years. 23 Den God kon make
Abimelek and Shekem men bigin fight demsef and dem kon go against am.
24 Dis tin happen so dat, Abimelek and di men for Shekem wey enkourage
am to kill Gideon 70 shidren, go sofa for wetin dem do. 25 Shekem leaders
hide some men for bush dey wait Abimelek and to rob anybody wey pass
der. But Abimelek kon know about dia plan. 26 So wen Gaal, Ebed pikin
kom Shekem with en brodas, di men for Shekem kon put dia hope on am.
27 All of dem go dia vineyard go pick grape kon make wine take do party.
Dem go dia god temple dey drink, chop and curse Abimelek.

28 So Gaal sey, "Who bi dis Abimelek wey wi Shekem men dey serve?
Nor bi Gideon pikin e bi? Zebul dey take orda from am, but why wi go
serve am sef? Make una serve Hamor shidren, wey bi Shekem papa. 29 I
wish sey, I dey lead dis pipol, I go kill Abimelek! I for tell am sey, 'Make
yu gada all yor soja kom out kon fight!' "

30 Wen Zebul wey dey rule di town, hear wetin Gaal tok, e kon dey vex.
31 E send messenjas go meet Abimelek for Arumah sey, "Gaal, Ebed pikin
and en brodas kom Shekem and dem sey, dem nor go allow yu enter di
town. 32 So naw, make yu and yor men kom out for nite kon hide for
di town bush. 33 For morning, before sun kom out, make una attack di
town, wen Gaal and en men kom out kon fight una, make una distroy dem
finish!"

34 So Abimelek and en men kom out for nite; divide demsef kon hide for
di bush outside Shekem. 35 Wen Abimelek and en men si sey, Gaal kom
out kon stand for di town gate, dem stand up from where dem hide put.

36 Gaal si dem, so e kon tell Zebul sey, "Look! Some men dey kom down
from di mountin!"

Zebul ansa, "Nor bi human being dey kom! Na shadow yu dey si."

37 But Gaal tell am again, "Look! Some men dey kom from di mountin
centre and one group dey kom from di tree where pipol wey dey si vishon
dey stay!"

38 Den Zebul tell am, "Nor bi yu sey, who bi Abimelek wey wi won serve?
Dis nor bi di men wey yu curse? Go na! Make yu go fight dem!"

39 So Gaal lead Shekem men go fight Abimelek. 40 Gaal run and Abimelek
kon porshu am. Many pipol wound go rish di town gate. 41 Abimelek
go back to Arumah and Zebul kon drive Gaal and en brodas komot for
Shekem.

### *Abimelek Take-ova Shekem Town*

42 For di next day, Shekem pipol kon go di field and wen Abimelek hear
am, 43 e take en men, divide dem into three group kon hide for di bush
around di field. Wen e si di pipol dey kom out from di town, en and en
men kom out kon attack dem. 44 Abimelek and en group, attack kon block
di road wey dem dey pass enter di town. Den di remainin two group kon
attack and kill di pipol wey dey for di field. 45 Thru-out dat day, Abimelek
fight for di town. E kill all di pipol for di town kon seize am. Den e skata
di town kon pour salt full di groun.

46 Wen all di leaders for Shekem Towa hear wetin happen, dem kon run
go hide for El-Berit temple. 47 Abimelek hear sey, all di leaders for Shekem
Towa, gada for one place, 48 so en and en men go on-top Mount Zalmon. E
take axe for en hand kon kut one branch from one tree. E put am for en

shoulder kon tell en men, “Make una kwik-kwik do wetin una si mi dey
do!” 49 So en men kut one-one branch kon follow am. Dem put di branches
near di place where dem dey hide put kon lite fire der. All di pipol wey
dey inside, die and dem bi like 1,000 men and wimen.

50 Den Abimelek go Tebez and e kom surround and seize am. 51 E get
one strong towa for di town centre, so all di men, wimen and di leaders,
run go der, lock di door kon go hide for di roof. 52 Wen Abimelek kom
attack di towa, e go di door won kon lite fire put, 53 but one woman trow
grindin stone from up kon land for en head and en brain kon krack.

54 E kwik-kwik koll di pesin wey karry en weapon kon tell am, “Make
yu kill mi with yor swod, so dat dem nor go sey, ‘Na woman kill mi.’ ” So
di pesin use en swod take shuk am and e kon die. 55 Wen Israel pipol si
sey, Abimelek don die, dem kon go back to dia house.

56 God pay Abimelek back for di bad tins wey e do to en papa, bikos e
kill en 70 brodas. 57 God still pay Shekem pipol back for di bad-bad tins
wey dem do. And di curse wey Jotam, Jerub-Baal (wey bi Gideon) pikin
curse dem, really follow dem.

# 10

*Peace Kon Dey*

1 Afta Abimelek don die, one day, Tola wey dey stay Shamir for Efraim
hill kountry, wey Puah bi en papa and na Dodo wey kom from Issakar tribe
bi en grand-papa, kon save Israel pipol. 2 E lead Israel pipol for 23 years
before e die and dem beri am for Shamir. 3 Afta am, Jair wey kom from
Gilead kon lead Israel for 22 years. 4 E get 30 sons wey dey ride 30 donkey
and dem get 30 towns for Gilead, wey dem still dey koll Jair village. 5 Jair
die and dem beri am for Kamon. 6 Israel pipol sin against God, bikos dem
kon dey woship Baal, Ashtoret and Siria, Sidon, Moab, Ammon and Filistia
pipol gods. Dem forget God kon stop to woship am.

*Jeftah*

7 So, God kon dey vex for Israel pipol, den E make Ammon and Filistia
pipol win dem. 8 Dem opress and sofa Israel pipol wey dey stay Amor
kountry, for Jordan River east wey dey Gilead, for 18 years. 9 Ammon
pipol cross Jordan River go fight Judah, Benjamin and Efraim tribe. And
dis tin make Israel pipol weak well-well. 10 Den Israel pipol kon kry give
God sey, “Wi don sin against Yu. Wi leave Yu kon dey woship Baal juju.”

11 So God ansa dem, “Wen Egypt, Amor, Ammon, Filistia, 12 Sidon, Amalek
and Maon pipol, opress una before and wen una kry give mi, I nor kom
save una from dia hand? 13 But una still leave mi kon dey woship oda
gods, so I nor go save una again. 14 Make una go kry give di gods wey una
don choose, so dat dem go kom save una wen una dey trobol.”

15 But Israel pipol tell God, “Wi don sin. So do us anytin wey Yu like, but
today, wi dey beg sey make Yu kom save us.” 16 So dem skata all dia yeye
gods kon bigin woship God; den God kon sorry for Israel pipol, bikos of
dia sofa.

17 Ammon sojas kon ready to fight, so dem build dia kamp for Gilead.
And Israel pipol gada kon kamp for Mizpa for Ramot. 18 For der, Israel pipol

and di leaders kon dey ask demsef, "Who won lead us go fight Ammon pipol? Di pesin wey go lead us, go bi awa leader for Gilead."

# 11

*Jeftah Rule Israel*

1 Jeftah na one strong man for Jabesh-Gilead. En mama na ashawo and
na en papa bi Gilead. 2 Gilead wife for house still born oda sons for am
and wen di oda sons don big, dem kon tell Jeftah, "Make yu nor tink sey
yu go get any of awa papa propaty, bikos na ashawo born yu. So make yu
komot awa house." 3 So Jeftah komot from di house kon go stay for Tob
town. Na for der e for make sturbon friends kon dey follow dem waka.
4 E nor too tey, before Ammon pipol kom fight Israel pipol. 5 Wen di fight
start, Gilead leaders kon go tell Jeftah for Tob town 6 sey, "Make yu kom
lead us go fight Ammon pipol."
7 But Jeftah ansa, "Nor bi bikos una hate mi well-well, naim make una force mi komot from my papa house. Why una kom meet mi naw wen una dey trobol?"
8 Dem ansa, "Wi kom meet yu, bikos wi wont make yu lead all of us for Gilead go fight Ammon pipol."
9 Den Jeftah tell dem, "If I follow una go fight Ammon pipol and God give mi viktory, I go bi una ruler?"
10 Dem ansa, "Yes! Wi agri and na God bi awa witness." 11 So, Jeftah
follow Gilead leaders go back and di pipol kon make am dia leader and ruler. Jeftah tell dem wetin e wont wen dem dey God present for Mizpa.

*Jeftah And Ammon King*

12 Afta, Jeftah send messenjas go meet Ammon king kon ask am, "Wetin make yu won attack awa land?"
13 Ammon king ansa, "Na bikos Israel pipol take my land, wen dem dey kom out from Egypt. Dem take my land wey start from Arnon River for sout go rish Jabbok River for nort and Jordan River for west. So make una give mi back, so dat peace go dey."
14 Jeftah kon send messenjas go back go meet Ammon king 15 sey,
"Israel pipol nor take Moab and Ammon pipol land. 16 Wen dem komot
from Egypt, dem travel pass di desert from di Red Sea till dem rish
Kadesh. 17 Israel pipol send messenjas go meet Edom king sey, 'Abeg make yu allow us pass yor land.' But Edom king nor gri. Dem still tell Moab king di same tin, but e nor gri too. Den Israel pipol kon stay for Kadesh.
18 Israel pipol pass thru di desert and dem nor tosh Edom or Moab pipol with dia land. Dem travel go east for Moab land kon go kamp for di oda side for Arnon River, but dem nor cross Arnon, bikos Arnon divide Moab kountry.
19 Israel pipol send messenjas go meet King Sihon for Amor wey dey rule from Heshbon sey, 'Abeg make yu allow us pass yor land go awa
land.' 20 But King Sihon nor gri, instead, e gada all en sojas, go kamp for Jahza kon attack dem.
21 But di Oga wey bi Israel pipol God, make dem win King Sihon and
en sojas. So dem kon take di land wey bi Amor pipol own. 22 Dem take

Amor land, from Arnon River for sout go rish Jabbok River for nort and
from di desert wey dey for east go rish Jordan River for west.
23 Since di Oga wey bi Israel pipol God don drive Amor pipol komot
bikos of en pipol, yu tink sey yu go fit just kom take am from dem? 24 Yu
fit take anytin wey Kemosh yor god give yu, but wi go take all di land
wey di Oga awa God give us. 25 Yu tink sey yu betta pass Balak, Zippor
pikin wey bi Moab king? E try to shalenge Israel pipol, abi e nor do am?
E nor ever fit fight us. 26 For three hundred years naw, Israel pipol dey
stay for Heshbon and di towns wey dey near am; Aroer and di towns
wey dey near am and di oda town wey dey Arnon! Why yu nor kom
klaim di land, dat time? 27 I neva do yu any bad tin, but naw, yu dey
do mi bad as yu kom attack mi. Make God wey dey judge, judge today
between Israel and Ammon pipol!"
28 But Ammon king, nor listin to Jeftah message.
29 Dat time, God Spirit dey with Jeftah and e kon go Gilead and Manasseh
town. E lead en sojas from Mizpa wey dey Jabesh-Gilead, go fight Ammon
pipol. 30 Jeftah make vow give God sey, "If Yu make mi win Ammon pipol,
31 anytin wey go first kom out from my house kom welkom mi, I go sakrifice
am as burn ofrin give Yu."
32 So, Jeftah lead en sojas go fight Ammon pipol and God gi-am viktory.
33 E kill Ammon pipol kon distroy about twenty towns, from Aroer go rish
one aria wey near Minnit till e distroy rish Abel-Keramin. Na like dis Israel
pipol take win Ammon pipol.
34 Wen Jeftah rish en house for Mizpa, en only pikin wey e get for en life,
run kom out kon meet am, dey dance and play tamborin with happiness.
35 Wen e si am, e vex kon tear en klot. E kry kon shaut, "Oh my dota! Yu
don distroy mi! Yu don kause wahala for mi! I don make vow give God
and I nor go fit take am back."
36 Naim di girl sey, "Papa, if yu make vow give God, den yu must do
wetin yu vow, bikos na God give yu viktory ova yor enemies, Ammon
pipol. 37 But first allow mi go do dis one tin: Allow mi go on-top di hill go
roll and kry with my friends for two mont first, bikos I go die as virgin."
38 Jeftah tell am, "Yu fit go." So Jeftah allow am go for two monts. Di
pikin and en friends kon go di hill for two monts dey kry, bikos e nor go
ever born shidren. 39 Wen e rish house, di papa do di vow wey e make
give God kon kill di girl as virgin.
So dis tin kon bi tradishon for all di yong girls wey dey for Israel. 40 So
Israel yong wimen, dey komot for four days evry year go mourn, bikos of
wetin happen to Jeftah pikin.

# 12

*Jeftah And Efraim Pipol*

1 Efraim pipol gada sojas kon cross Jordan River go Zafon. Dem send dis
message go meet Jeftah, "Why yu nor koll us wen yu dey go fight Ammon
pipol? Bikos of dat, wi go burn yu and yor house togeda!"
2 But Jeftah ansa, "I koll una wen di fight just start, but una nor gri kom
join mi fight Ammon pipol! 3 So, as I si sey una nor gri kom, I kon risk my
life go fight dem without una and God give mi viktory ova dem. So why
una won kom fight mi?"

4 Den Efraim pipol sey, “Una, Gilead pipol, nor bi slave una bi to Efraim
and Manasseh pipol?” Bikos of dat, Jeftah gada all Jabesh-Gilead men kon
go attack and win Efraim pipol. 5 Jeftah seize di place where dem dey pass
cross Jordan River and if anybody from Efraim won try cross go back,
Gilead men go shalenge and ask am, “Yu bi Efraim pesin?” If di pesin say,
“No, I nor kom from der,” 6 dem go tell am make e sey, “Shibbolet.” If e
kom from Efraim, e go sey, “Sibbolet,” bikos Efraim pipol nor fit koll dat
word well. Den dem go take am go kill for Jordan River korna. Na 42,000
Efraim pipol dem kill for dat time.
7 Jeftah lead Israel for six years, before e die and dem beri am for one
of di town for Gilead.

*Peace Kon Dey Again*

8 Afta Jeftah die, Ibzan wey kom from Betlehem kon rule Israel pipol. 9 E
get thirty sons and thirty dotas. E make en girls shidren marry men from
outside en town and en boys shidren marry dia wife from anoda town
too. Ibzan rule Israel pipol for seven years. 10 Wen e die, dem beri am for
Betlehem.
11 Afta Ibzan die, Elon wey kom from Zebulun tribe kon rule Israel for
ten years. 12 Wen e die, dem beri am for Aijalon for Zebulun.
13 Afta Elon die, Abdon wey bi Hillel pikin, wey kom from Piraton kon
rule Israel pipol. 14 E get forty sons and thirty grand-shidren wey dey ride
seventy donkey. E rule Israel pipol for eight years. 15 So wen e die, dem
beri am for Piraton for Efraim, for Amalek pipol hill kountry.

# 13

*Dem Born Samson*

1 Israel pipol sin against God again, so E kon allow Filistia pipol rule dem
for forty years.
2 For dat time, Manoah, one man wey kom from Dan tribe, dey stay for
Zorah. E nor get any pikin, bikos en wife neva born. 3 God angel appear
to Manoah wife kon tell am, “Even doh yu neva fit born pikin, yu go soon
get belle and yu go born boy. 4 So make yu dey kareful and make yu nor
drink wine or any oda strong drink or chop any food wey dem dey forbid.
5 Afta yu don born am, make yu nor ever kut en hair, bikos from di day
wey dem born am, dem go dedikate am give God as Nazirite. E go save
Israel pipol from Filistia pipol hand.”
6 Den di woman run go tell en husband, “One man from God appear to
mi! E look like God angel and if yu si am, yu go fear. I nor ask am where
e from kom and e nor tell mi en name. 7 But e tell mi sey, ‘I go get belle
kon born boy.’ E still sey, ‘Make I nor drink wine or any strong drink or
chop food wey dem dey forbid, bikos from di day wen I go born di pikin
go rish di day wey e go die, dem go dedikate am give God as Nazirite.’ ”
8 Den Manoah pray give God, “My God! Abeg, make yor angel kom again
kon tell us more tins wey wi go do about di pikin, wen dem don born am.”
9 God do wetin Manoah ask for and en angel kom back kon meet di
woman wen e sidan for field. Dat time, en husband Manoah, nor dey with
am. 10 So di woman run go tell en husband kwik-kwik sey, “Di man wey
appear to mi dat day, don kom again!”

[11] So Manoah get up kon follow en wife and wen e si di angel, e kon sey,
“Na yu bi di man wey tok to my wife dat day?”
Di angel ansa, “Yes! Na mi.”
[12] Den Manoah sey, “If wetin yu tok so happen, wish kind tins di boy go
dey do and wish kind life e go live?”
[13] God angel ansa, “Make sure sey, yor wife do di tins wey I sey make
e do. [14] E must nor chop anytin wey dem make from grape vine; make e
nor drink wine or any strong drink or chop food wey dem dey forbid.”
[15] Den Manoah tell God angel, “Abeg stay here make wi kill and kook
one small goat make yu chop.”
[16] Di angel ansa, “I go stay, but I nor go chop anytin. Instead, make yu
kook and burn am as ofrin give God.” (Manoah tok like dis, bikos e nor
know sey na God angel dey with am.)
[17] Den Manoah ask God angel, “Wetin bi yor name, so dat wi go honor
yu wen all dis tins don happen.”
[18] Di angel ansa, “Why yu won know my name? My name too dey
wonderful to undastand.” [19] Den Manoah take small goat and some korn
kon offa dem for di altar on-top rock as ofrin to God wey dey do wonders.
[20] As di smoke dey go up for di altar, Manoah and en wife kon si God angel
inside di smoke dey go heaven, so dem kon fall face groun. [21] Na den dem
kon know sey di man na God angel, so e nor appear to dem again.
[22] Manoah tell en wife, “Wi go die, bikos wi don si God!”
[23] But di wife ansa, “If God won kill us, E nor for asept awa burnt ofrin
and E nor for appear to us kon tell us all dis wonderful tins or do dis
mirakle.”
[24] So wen di woman born, e kon koll di pikin, “Samson.” Di pikin grow
well and God kon bless am. [25] God Spirit gi-am pawa and e dey stay for
Dan wey dey between Zorah and Eshtaol.

# 14

### *Samson Marriage*

[1] One day, Samson go Timnah, where e for si one Filistia girl and e like
am well-well. [2] Wen e go house back, e kon tell en papa and mama, “I si
one Filistia girl for Timnah wey I like, make una bring am for mi, bikos I
won marry am.”
[3] But en papa and mama nor happy. So dem ask am, “Yu nor si any
woman wey yu like for awa family or di whole Israel wey yu fit marry?
Why e bi sey na Filistia woman yu won marry?”
But Samson tell en papa, “Make una go marry am for mi, bikos e look
like betta pesin to mi.” [4] En papa and mama nor know sey, na God dey
lead Samson make e do am, bikos God dey find way wey E won take fight
Filistia pipol, bikos na dem dey rule Israel pipol. [5] Wen Samson, en papa
and mama dey go Timnah, as dem pass di vineyard, one yong lion just
kom attack Samson. [6] At wons, God Spirit make Samson strong and e tear
di lion with en ordinary hand like sey na small goat. But e nor tell en papa
and mama wetin happen. [7] Wen Samson rish Timnah, e go tok to di girl,
bikos e like am.
[8] Leta, as Samson dey go marry di girl, e kon branch go look di lion wey
e kill and e sopraiz to si bee and some honey inside di lion dead body. [9] E
take some of di honey for en hand kon dey lick am as e dey waka go. Den

e take some go give en papa and mama. Dem lick am, but Samson nor tell dem sey na from lion dead body e for take am.

10 Wen Samson papa dey make di final arrangement for di marriage, Samson kon do party for der, bikos dis na wetin di yong men dem dey do.
11 Wen di girl papa si am, dem selet thirty men for di town make dem stay with am.

12 So Samson tell dem, "Make I tell una one problem, if una fit solve am for di next seven days, I go give una thirty fine linen robe and thirty klot
wey dem take dey go party. 13 But if una nor fit solve am, una go give mi thirty fine linen robe and thirty klot wey dem take dey go party."

So dem kon gri.

14 Samson tell dem,

"Di pesin wey chop,
 na-im dey bring wetin dem go chop
and na from wetin strong,
 sweet tin for dey kom out."

Afta three days, dem neva still fit solve am.

15 For di fourt day, dem kon tell Samson wife to bi, "Deceive yor husband to bi, so dat e go tell yu di ansa of wetin e tell us; if not, wi go burn yu and yor papa family togeda, bikos e bi like sey yu invite us kom here, so dat wi go dey poor."

16 So Samson wife to bi kry go meet am sey, "Yu nor love mi; yu hate mi! Yu tell my pipol sometin and yu neva tell mi di ansa."

But Samson tell am, "I neva even tell my papa and mama di ansa, so
wetin go make mi tell yu?" 17 Thru-out di seven days wey dem do di party, di woman dey always kry for Samson. But for di sevent day, Samson kon tell am di ansa, bikos e dey always disturb am. Den di woman go tell di pipol.

18 So for di sevent day, as evening dey rish, di men kon tell Samson di ansa sey,

"Na wetin go fit dey sweet pass honey
 or wish tin or animal strong pass lion?"

But Samson ansa dem,

"If to sey, una nor work with my melu,
 una nor for know di ansa."

19 At wons God Spirit enter Samson kon make am strong, so e go Ashkelon kon kill thirty men, den e take dia klot, kon give dem to di men wey solve di problem. Leta, e go back to en papa and mama house kon
dey vex bikos of wetin happen. 20 So dem kon give Samson wife to bi to Samson best man for di marriage.

# 15

### *Samson And Filistia Pipol*

1 For di time wen dem dey harvest wheat, Samson kon take one small goat go visit en wife to bi. Wen e rish der, e tell en wife papa, "I won go my wife room." But di papa nor gri.

2 Den di man tell Samson, "I bin tink sey yu hate my dota, so I kon gi-am to yor best man as en wife. But si, en yonga sista fine pass am well-well. Yu fit marry dat one."

3 But Samson sey, “Dis time, dem nor go blame mi for wetin I go do
Filistia pipol.” 4 So e go outside kon go katch 300 fox, e tie dia tail two-two
togeda with rope. 5 Den e lite fire put for di rope wey dey dia tail kon
porshu dem enter Filistia pipol farm and dem burn all wetin dem plant
for di farm rish groun. E even still distroy dia vineyards and olive trees.
6 So Filistia pipol ask, “Who do dis tin?” Dem kon sey, “Na Samson,
bikos en fada-in-law to bi wey kom from Timnah, give di woman to en
best man.”

So Filistia pipol vex kon go burn di girl, en papa and dia house rish
groun.
7 Samson tell dem, “Na so una dey bihave! I swear, I nor go stop until I
pay una back!” 8 So e attack dem with vexnashon kon kill many of dem.
Afta, e kon go stay for inside rock for Etam kave.
9 Filistia pipol kom kamp for Judah, near Lehi town. 10 Den, Judah men
ask Filistia pipol, “Wetin make una won fight us?”

Den Filistia pipol ansa, “Wi wont Samson. Wi kom pay am back for
wetin e do us.”
11 So 3,000 men from Judah go di kave for di rock for Etam, go meet
Samson kon tell am, “Yu nor know sey na Filistia pipol dey rule us? Wetin
yu do to us so?”

Samson ansa dem, “I pay dem back for wetin dem do mi.”
12 But dem tell am, “Wi kom here kon tie yu, so dat wi go karry yu give
dem.”

So Samson sey, “Okay! But make una promise mi sey, una nor go kill mi
by unasef.”
13 Dem gri kon sey, “Wi nor go kill yu; na only tie wi won tie yu karry
give dem.” So dem tie am with two new rope kon karry am komot from
di rock. 14 As Samson rish Lehi, Filistia sojas kom dey happy dey shaut. At
wons, God pawa enter Samson and e kut di rope wey dem take tie am like
sey na tread wey dey burn. 15 One donkey wey dem just kill, Samson si en
bone for groun. So e pick di bone kon use am kill 1,000 Filistia sojas.
16 Den Samson sey,

“Na with donkey bone I take
kill 1,000 men
kon gada dia bones togeda.”

17 Afta e don boast finish, e trowey di bone kon koll di place, “Bone Hill.”
18 Leta, Samson kon dey hongry for wota, den e kry give God sey, “Yu
give mi dis viktory finish, make dis wiked Filistia pipol kon katch and kill
mi, bikos wota dey hongry mi?” 19 So God allow wota kom out from one
place for di groun for Lehi, den Samson drink until e beleful. So e kon koll
di place “En-Hakkore” and e still dey for Lehi till today.
20 Samson lead Israel pipol for twenty years, even doh Filistia pipol still
dey rule di land.

# 16

*Samson Go Gaza*

1 One day, Samson go Gaza wey bi Filistia pipol town and e stay der
thru-out with one ashawo. 2 Gaza pipol kon know sey, Samson dey for der,
so dem gada for di town gate dey wait for am till day break. Dem sidan
kwayet dey tok for dia mind sey, “If morning rish, wi go kill-am.”

3 But Samson stay bed go rish mid-nite, den e get up go di town gate pul am with di two pila kon karry am for en shoulder go Hebron hill.

*Samson and Delilah*

4 Afta sometaim, Samson kon love one woman wey en name na Delilah,
wey dey stay for Sorek Valley. 5 All di five rulers for Filistia go meet Delilah
kon sey, "Make yu deceive Samson, so dat e go tell yu wetin make am dey strong and how dem fit take stop am. Den yu go find way take tie am with rope well-well. Afta evritin, each of us go give yu 1,000 one hundred silva."

6 So Delilah go meet Samson kon tell, "Abeg, make yu tell mi, 'Wetin make yu dey strong like dis and wetin pesin go fit do, if e won tie yu?' "

7 Den Samson ansa, "If dem tie mi with seven new strong rope wey nor dry, I go dey weak well-well."

8 So Filistia rulers bring seven new strong rope kon give Delilah, den e
use am take tie Samson. 9 By dat time, Delilah hide some men for di oda
room, den e shaut, "Samson! Filistia pipol don kom katch yu o-o!" But Samson kut di rope, just as tread dey kut if yu take fire tosh am. So dem nor still know di sekret wey make am get pawa.

10 Leta, Delilah kon tell Samson, "Si, yu dey lie for mi kon make mi bi like fool! Abeg, make yu tell mi di trut, na how dem fit take tie yu?"

11 Samson ansa am, "If dem tie mi with new rope wey dem neva use before, I go weak well-well."

12 So Delilah take new rope kon tie am. Di men dey di oda room dey wait, so e kon shaut, "Samson! Filistia pipol don kom katch yu!" But e kut di rope komot for en hand like sey na tread.

13 Den Delilah tell am, "Yu still dey lie and fool mi! So naw, make yu tell mi how pesin fit take tie yu."

Den Samson ansa am, "If yu plait my hair into seven part kon use peg take make am tit, I go dey weak well-well." So wen Samson dey sleep,
Delilah kon plait di hair into seven part. 14 Den e tit am with di peg.

E kon shaut again, "Samson! Filistia pipol don kon katch yu o-o!" So Samson wake-up, remove di peg, den luz en hair.

15 Den Delilah vex kon tell am, "Why yu dey tell mi sey, 'I love yu' and yu nor fit trust mi kon tell mi yor sekret? Yu don fool mi three times naw
and yu neva still tell mi wetin make yu dey strong!" 16 Delilah kontinue
to dey tok and komplain until Samson kon taya for en wahala, 17 so e tell
am di trut at last.

E sey, "Dem neva kut my hair wons, bikos wen dem born mi, dem dedikate mi give God as Nazirite. So if yu kut my hair, my pawa go leave mi and I go kon dey weak just like anybody."

18 Delilah just know sey Samson don tell am di trut, so e send message go give Filistia rulers sey, "Make una kom back just dis last time, bikos e
don tell mi di trut." So dem bring di money follow body kom. 19 Delilah
deceive Samson sleep for en lap, den koll one man make e kut di seven hair komot. Den e put am for groun small-small, bikos en pawa don leave am.

20 Den e shaut, "Samson! Filistia pipol don kon katch yu!"

E wake-up kon tell ensef, "I go do as I dey do before, I go shake mysef and dey free." E nor know sey Oga God don leave am.

21 So Filistia pipol katch am kon blind en eye, den dem tie am with
bronze shain; take am go Gaza kon force am make e dey grind korn for
prison. 22 But e nor too tey, before en hair kon dey grow kom again.

### Samson Viktory

23 Filistia rulers dey do party, offa sakrifice and dey praiz dia god wey
bi Dagon kon dey sey, "Awa god don give us viktory ova Samson wey bi
awa enemy!"
24 Wen di pipol si am, dem praiz dia god sey,
"Awa god don diliver awa enemy give us!
Di pesin wey kill many of awa pipol
don dey under awa pawa naw!"
25 Many of dem don drink by naw, so dem sey, "Make una bring Samson
kom out make e kon make us laf!" So dem bring am kom out from di
prison and e stand between di two pila wey dey support di building. Dem
kon dey play with am, so dat e go make dem laf.
26 Den Samson tell di boy wey hold en hand sey, "Make yu put my two
hand for di pila wey hold di temple, bikos I won rest my body." 27 By dis
time, di temple don already full with pipol. All di five Filistia rulers dey
der and about 3,000 men and wimen dey der dey wosh Samson as e dey
make dem laf. 28 Den Samson pray give God sey, "Oga God wey get pawa,
remember mi again. My God! Abeg make Yu give mi pawa one more time.
Make I pay Filistia pipol back for my eye wey dem blind." 29 Samson put
en two hand for di pila wey hold di temple kon push am, 30 den e pray sey,
"My God, make Yu allow mi die with Filistia pipol wey bi my enemies."
Den di temple fall skata for di five rulers and di pipol head. Di pipol wey
Samson kill wen e dey die, many pass di ones wey e kill wen e dey alive.
31 Afta, en brodas and family kon karry en dead body. Dem take am go
beri between Zorah and Eshtaol, where dem beri en papa Manoah put.
Samson lead Israel pipol for twenty years.

## 17

### Mikaya Juju

1 E get one man, e name na Mikaya and e dey stay for Efraim hill kountry.
2 One day, e tell en mama, "Yor 1,000 one hundred silva wey dem tif wey
kon make yu curse di tif, dey my hand." Na mi tif am.
Den en mama sey, "Bikos yu gri sey na yu tif am, make God bless yu!"
3 So e give di money back to en mama, den di mama sey, "Bikos I nor
wont make di curse follow my pikin, I dey dedikate dis money give God. I
go use am take buy wood kon make juju wey dem kover with silva."
4 So wen di pikin give en mama di money, di woman take two hundred
silva kon give pesin wey turn am to juju and dem kon put am for Mikaya
house.
5 So, Mikah build shrine for di juju, den e make one priest garment kon
wear am for en pikin, so dat e go bi en priest. 6 Dat time, Israel pipol nor
get king; so all di pipol dey do wetin dem like.

### Mikaya Hire Pesin

7 One day, one Levi man wey dey stay Betlehem for Judah kon kom di
aria. 8 E komot for Betlehem go look for anoda place where e go stay. Wen
e dey travel, e kon rish Mikah house for di hill kountry wey dey Efraim.

9 Mikah ask am, “Na where yu from kom?”
Di man ansa, “I bi Levi from Betlehem for Judah and I dey look for
where to stay.” 10 So, Mikah tell am, “Yu fit stay here with mi and yu go bi
my papa and priest. Evry year, I go dey give yu ten silva, klot and food.”
11 Di Levi man gri and e kon bi priest like Mikah pikin too. 12 So e stay
Mikah house and Mikah kon make di man e own pesinal priest. 13 Den
Mikah sey, “I know sey God go bless mi naw, bikos I get Levi pesin as my
priest.”

# 18

*Mikaya And Dan Tribe*

1 Dat time, Israel pipol nor get king.
And Dan tribe dey find where dem go stay, bikos dem neva fit pak go
di land wey dem divide give dem, wen dem dey divide land give all di
tribe for Israel. 2 So Dan pipol choose five strong warrior from Zorah and
Eshtaol town, so dat dem go find land where dem go stay.
Wen dis men rish Efraim hill kountry, dem kon go stay for Mikah house
till di next day. 3 As dem dey Mikah house, dem notis di Levi priest for der,
so dem kon ask am, “Na who bring yu kom here? Na wetin yu dey do for
here and wetin make yu dey here?”
4 E ansa dem, “I get agriment with Mikah, to bi en pesinal priest and e
dey pay mi.”
5 Den dem tell am, “Ask God for us weda awa journey go get head.”
6 Di priest tell dem, “Make una go in peace, bikos God dey with una for
di journey.”
7 So di five men kon go Laish town and dem si sey, di pipol for der dey
live dia life well like Sidon pipol; dem dey peaceful and save. Di pipol get
money well-well, bikos di land dey produce betta food. Dem dey stay far
from Sidon pipol and dem nor dey fight with anybody.
8 Wen di men kom back to Zorah and Eshtaol, dia pipol kon ask dem,
“Wetin una find?”
9 Dem ansa, “Make una kom, make wi attack dem! Wi don si di land
and e dey very good. Wetin una dey wait for? Make wi nor waste time,
make wi go take am. 10 Wen wi rish der, una go si sey di pipol dey leave
eazy life. Di land big well-well and e get evritin wey pesin wont. God don
gi-am to us.”
11 So six hundred men from Dan tribe wey ready for war kon komot go
Zorah and Eshtaol. 12 Dem kamp for Kiriat-Jearim west for Judah and na
dis make dem dey koll di place Dan till today. 13 Dem from der pass go
Mikah house for Efraim hill kountry.
14 Den di five men wey go spy Laish land kon tell di oda pipol, “Dis house
wey una dey si so, get holy garment and some oda juju wey dem karve,
dey der too. Wetin una wont make wi do?” 15 So dem enter Mikah house
where di yong priest dey stay kon greet am well. 16 As di six hundred
men from Dan tribe wey ready to fight war, stand for di gate to enter di
kompond, 17 di five men wey go spy, enter di shrine karry di image wey
dem karve, di efod and di juju dem. While di priest stand for di gate with
di six hundred men.
18 Wen di priest si sey di men dey karry di holy tins dey komot from di
shrine, e kon ask dem, “Wetin una dey do so?”

19 Dem ansa am, "Kwayet and make yu follow us kon bi awa papa and
priest. E nor good sey make yu bi priest for Israel tribe and family, down
for one man?" 20 So di priest happy kon follow dem and e karry all di holy
tins. 21 Dem kon dey go with dia shidren, animals and all wetin dem get.
22 Wen Dan pipol don go far from Mikah house, Mikah kon koll all en
neighbours make dem follow am porshu Dan pipol. 23 Dem porshu Dan
pipol katch. Den, Dan men turn back kon ask Mikah, "Wetin happen? Why
yu koll all dis men make dem porshu us like dis?"
24 Mikah ansa, "Wetin una mean by, 'Wetin happen?' Una don take all
di gods wey I make and my priest dey go, wetin remain for mi naw!"
25 So Dan men tell am, "Mind wetin yu dey tok! Unless yu wont make
all dis men attack kon kill yu and yor family." 26 Den, Dan pipol kon waka
dey go. Wen Mikah si sey di pipol too many for am to attack, e kon leave
dem go back to en house.
27 Afta Dan pipol don take Mikah holy tins and priest, dem kon rish Laish
land where di pipol dey kwayet well-well. Dem attack dem with swod kon
burn di town rish groun. 28 Nobody dey to save dem, bikos dem dey stay
far from Sidon pipol and dem nor get any business with oda pipol.
Den, Dan tribe build di place kon dey stay der. And dis tin happen for
di valley near Bet-Rehob. 29 Dem shange di town name from Laish to Dan,
bikos of dia grand-grand papa wey bi Jakob pikin. 30 Den, dem arrange
di juju kon make Jonatan wey bi Gershom pikin, dia priest and na Moses
born Gershom. So na dat family bi priest until dem go Babilon. 31 So Mikah
juju dey der, as long as God Tabanako dey for Shiloh.

# 19

## *Di Levi Priest And En Girl-friend*

1 For dat time, Israel pipol nor get king. But e get one man from Levi
tribe wey dey stay for Efraim hill kountry. One day, e bring one girl kom
from Betlehem for Judah as en girl-friend. 2 But di girl dey vex for am, so
e kon go back to en papa house for Betlehem. Afta four monts don pass,
3 en boy-friend kon go Betlehem go tok to am make e kom back. E take
en savant and two donkey follow body. Wen e rish di girl papa house, di
papa kon welkom am. 4 Di papa beg am make e stay small, so e stay der;
chop, drink and sleep for three days.
5 For di fourt day, di man kwik wake-up kon ready to go, but di girl papa
tell am, "Make yu chop sometin, before yu go." 6 So di two men sidan kon
chop and drink, den di papa kon sey, "Abeg stay for just dis nite make
yu enjoy yorsef." 7 Di man stand up won kon go, but di papa still dey
beg make e stay, so e kon agri to stay for dat nite. 8 For di fift day, e kon
kwik wake-up make e dey go. Again, di girl papa kon sey, "Make yu chop
sometin; den yu fit go for aftanoon." So dem sidan kon chop.
9 Afta, wen di man, en girl-friend and en savant dey ready to go, di papa
kon sey, "Look, evening don almost rish. Make una stay and enjoy for dis
nite, den tumoro morning, una fit get up early kon go." 10 But dis time,
di man don make up en mind to go. So e take en two donkey and en
girl-friend kon pass thru Jebus (wey bi Jerusalem).
11 Time don go far before dem rish Jebus, so di man savant tell am, make
wi stop for Jebus town kon sleep for der.

12 But di masta sey, “No! Wi nor go fit stay for dis town wey Israel pipol
nor dey, instead wi go-go Gibeah. 13 Make wi waka fast, so dat wi go fit rish
Gibeah or Rama, den wi go sleep for any of di towns.” 14 So dem kontinue.
Evening don dey rish wen dem rish Gibeah town for Benjamin land, 15 so
dem stop kon sleep for der. Dem sleep for di town hall, bikos nobody allow
dem sleep for dia house.

16 Dat evening, one old man just dey kom back from farm where e for
go work. E kom from Efraim tribe, but e dey stay for Gibeah, wey all di
pipol kom from Benjamin tribe. 17 Wen e si dem sidan for di town hall, e
kon ask dem, “Where una from kom and where una dey go.”

18 Di Levi man ansa, “Wi dey kom from Betlehem for Judah and wi dey
go di oda side for Efraim hill kountry, bikos na der wi dey stay. I travel
go Betlehem before and naw I dey go back to my house. But nobody gri
make wi sleep for dia house dis nite, 19 even doh sey wi get evritin wey wi
wont. Wi get food for awa donkey, plenty bread and wine for awasef.”

20 Den di old man sey, “Make una kom my house, I go give una anytin
wey una wont. Una nor nid to stay for di town hall.” 21 So e take dem go
en house kon feed dia donkey. Afta dem don wosh dia leg, dem kon chop
and drink togeda.

22 As dem dey chop and drink, some pipol wey dey kause trobol for di
town kon surround di house. Dem bigin nok di door dey shaut for di old
man, “Make yu bring di man wey dey stay with yu, so dat wi go sleep with
am.”

23 But di old man go outside go meet dem kon tell dem, “No! My brodas,
abeg make una nor do dis kind evil tin! Dis man na my visitor and dis
kind tin na shame. 24 Look, make una take my dota wey bi virgin and di
man girl-friend. I go bring dem kom out for una, make una take dem do
wetin una like, but make una nor do dis kind bad tin to di man.”

25 But dem nor gri listin to di man. So di Levi kon push en girl-friend go
outside for dem. So dem rape am, do am anyhow till day break. 26 Wen
day break, di woman kom di old man house where en boy-friend dey kon
fall for di gate, e stay der until sun kom out for morning.

27 Wen di boy-friend open door for morning make e dey go, e si en girl-
friend liedan for der and e hand dey di door-mot. 28 So e tell am, “Make
yu get up make wi dey go!” But di woman nor ansa. So e karry am put
for en donkey kon take am go house.

29 Wen e rish house, e take knife kon kut en girl-friend body into twelf
part, den e send one part go each of di twelf tribe for Israel. 30 Evribody
wey si am kon sey, “Wi neva hear dis kind tin before! Dis kind tin neva
happen wons since Israel pipol komot from Egypt! Wi nid to do sometin
about am! So dem kon dey tok among demsef dey ask, ‘Na wetin wi go do
naw?’ ”

# 20

*Israel Ready For War*

1 Israel pipol for nort for Dan kountry go rish Beersheba for sout and
even Gilead land for east, ansa di koll. Dem gada togeda as one for God
present for Mizpa. 2 Di leaders for all di tribe for Israel dey with God pipol
too and dem bi 400,000 sojas. 3 By dat time, Benjamin pipol don hear sey

all di oda tribe for Israel, don gada for Mizpa. Israel pipol kon ask, "Make una tell us how dis bad tin take happen?"

4 So di Levi wey dem kill en girl-friend kon sey, "Mi and my girl-friend go
spend one nite for Gibeah, wey bi Benjamin pipol town. 5 Dat nite, some
men for Gibeah kon surround di house won kon kill mi. Dem kon rape
my girl-friend until e die. 6 So I take en body, kut am into twelf part, den I
send one-one go each tribe for Israel. Dis pipol don do evil and wiked tin.
7 So naw, Israel pipol must decide wetin wi go do about dis tin!"

8 All di pipol get up di same time kon sey, "Non of us go-go house back!
9 Dis na wetin wi go do Gibeah pipol; wi go pick pipol wey go attack dem.
10 Wi go still pick one out of evry ten from di men for each tribe, wey go
dey supply di sojas food, den wi wey remain go attack Gibeah for Benjamin
town, bikos of wetin dem do to Israel." 11 So Israel pipol gada with one
mind to go attack Gibeah town.

12 Israel pipol send message go Benjamin tribe sey, "Wetin bi dis wiked
tin wey una do so? 13 Make una release doz wiked men, di trobol-makers
from Gibeah, so dat wi go kill dem take klean Israel land from dis bad tin
wey una do."

But Benjamin pipol nor gri. 14 Instead dem komot from dia towns kon
gada for Gibeah to fight Israel pipol. 15 Dem koll 26,000 sojas from all dia
town and 700 special men wey dey stay der. 16 Di 700 men dey use left
hand and each of dem dey stone without sey dem miss.

17 Israel pipol get 400,000 sojas wey dem don train.

18 Before dem go for di war, Israel pipol go Bethel go ask God, "Na wish tribe go first attack Benjamin pipol?"

God ansa, "Make Judah go first."

19 So Israel pipol kwik komot for early morning go kamp near Gibeah.
20 Den dem mash go Gibeah go attack Benjamin men. 21 But Benjamin
sojas wey dey guide di town kom kill 22,000 Israel pipol dat day. 22 Israel
pipol enkourage each oda kon stay for di same place where dem for fight
before. 23 Bikos dem don go Bethel go kry for God present till evening kon
dey sey, "Make wi fight against awa rilative for Benjamin tribe again?"

God ansa dem, "Make una go fight dem."

24 So di next day, dem kon go fight against Benjamin men, 25 but
Benjamin men still kill anoda 18,000 Israel pipol wey sabi fight well-well.

26 Den all Israel pipol kon go Bethel again go kry and fast for God present
till evening. Dem still bring burnt ofrin and peace ofrin kon give God.
27 Israel pipol kon dey ask for direcshon from God (bikos before-before,
God Kovenant Box dey for Bethel 28 and na Finehas, wey bi Eleazar pikin
and Aaron grand-pikin, bi di priest wey dey kare for am). Den Israel pipol
ask God again, "Make wi go fight against awa rilative for Benjamin tribe
or not?"

God ansa. "Make una go! Tumoro, I go give dem to una."

29 So dem kon set trap round Gibeah. 30 Israel pipol kon attack Benjamin
tribe for di third day and dem kamp for Gibeah just as dem do before.
31 Wen Benjamin pipol kom out kon fight, dem lead dem komot for di
town. Just as before, dem bigin kill some Israel pipol, dem kill rish thirty
Israel pipol for di open land and di road wey dem dey pass go Bethel and
Gibeah.

32 Den Benjamin sojas shaut, "Wi dey win dem, just as wi do before!"
But Israel pipol don plan before sey, dem go run komot from di town, so
dat Benjamin men go porshu dem enter road.
33 Wen Israel main sojas rish Baal-Tamar, dem take dia pozishon, while
di ones wey surround west for Gibeah rush kom out wons from where
dem hide put kon attack. 34 Na 10,000 special sojas wey dem choose from
Israel tribe kon attack Gibeah. Di fight strong well-well sotey Benjamin
sojas nor know sey dem go soon distroy dem finish. 35 God help Israel
pipol win Benjamin pipol and dat day, Israel pipol kill 25,000 men wey bi
di best sojas for Benjamin tribe. 36 Den Benjamin sojas kon know sey, dem
don luz.
Israel main sojas bin dey run from Benjamin sojas, bikos dem won give
doz wey still hide for bush, di shance to attack Gibeah town. 37 Den doz
wey hide, rush kom out kon kill evribody for di town. 38 Dem don arrange
sey, dem go send big kloud of smoke from di town as signa. 39 Wen Israel
pipol si di smoke, dem turn kon attack Benjamin sojas.
By dat time, Benjamin sojas don kill thirty Israel sojas, so dem kon sey,
"Wi don dey win dem, just as wi do for di first fight!" 40 But wen Benjamin
sojas look back kon si sey smoke dey go up from evriwhere for di town,
41 Israel sojas kon bigin attack dem. Naw, Benjamin sojas kon dey fear,
bikos dem know sey, dem don die finish. 42 So dem turn kon dey run from
Israel sojas go di open land, but dem nor fit eskape di fight and dem kill
all di pipol wey kom out from di town wey dey near der too. 43 Israel sojas
set trap for dia enemies and dem porshu dem sotey go rish Gibeah east
kon dey kill dem as dem dey go. 44 Dat day, Benjamin 18,000 strong sojas
die for di war. 45 Di ones wey manage survive run enter wildaness near
Rimon Rock, but Israel sojas kill 5,000 for di road side. Dem porshu dem,
until dem kill anoda 2,000 near Gidom.
46 So dat day, Benjamin tribe lost 25,000 strong sojas. 47 Di sojas wey
remain na di six hundred wey run go Rimon Rock and dem stay der for
four monts. 48 Israel pipol still go back go kill Benjamin pipol wey remain;
di men, wimen, shidren and even all di animals. Dem burn all di towns
for der.

# 21

### *Wifes For Benjamin Tribe*

1 Wen Israel pipol gada for Mizpa, dem kon vow sey, "Wi nor go ever
marry awa dotas give Benjamin tribe."
2 So dem go Bethel, sidan for God present till evening kon dey kry well-
well. 3 Dem sey, "Awa Oga wey bi Israel God! Wetin make dis kind tin
happen for Israel? Naw one of awa tribe don dey miss from Israel!"
4 Di next day for early morning, di pipol build altar kon bring dia burnt
and peace ofrin kom.
5 Den dem sey, "Wish tribe for Israel nor dey with us wen wi gada for
God present for Mizpa?" By dat time, dem don swear before God sey,
anybody wey nor gri kom, dem go kill-am.
6 So Israel pipol kon dey sorry for dia broda, Benjamin tribe den dem
kon sey, "Today, Israel don lost one of en tribe. 7 How wi go fit take find
wife for di pipol wey remain, since wi don swear with God sey, wi nor go
give dem awa dotas marry? 8 Na dis make us ask sey, 'Wish tribe for Israel

nor dey with us wen wi gada for God present for Mizpa?' " Den dem kon
notis sey, Jabesh nor follow dem gada for Mizpa. 9 Bikos wen dem kount
all di pipol finish, dem si sey nobody for Jabesh dey der.
10 So di pipol kon send anoda 12,000 for dia best sojas go Jabesh town for
Gilead sey, make dem kill evribody, even di wimen and shidren. 11 Dem
sey, dis na wetin una go do, "Kill all di sons and any woman wey nor bi
virgin." 12 For all di pipol wey dey Jabesh, dem si 400 yong virgin wey
neva sleep with man before kon bring dem kom di kamp for Shiloh wey
dey Kanaan land.
13 Den di pipol send message go give di pipol wey remain for Benjamin
tribe, wey dey stay for Rimon Rock. 14 So Benjamin men go back to dia
house and Israel pipol kon give dem di girls from Jabesh wey dem nor kill
make dem marry. But dem nor many rish.
15 Di pipol sorry for Benjamin pipol, bikos God don separate dem from
di oda Israel tribes. 16 So di leaders kon ask, "How wi fit take find wife for
di pipol wey remain, since all Benjamin wimen don die finish? 17 Bikos
doz wey survive for Benjamin tribe must get shidren, so dat one tribe for
Israel nor go die finish. 18 But wi nor go fit marry awa dotas give dem,
bikos wi don swear sey anybody wey do am go dey under God curse."
19 Den, dem tink of di sakrifice wey dem dey do for God and na evry year
for Shiloh, wey dey sout for Lebonah and nort for Bethel, dem for dey do
am. E still dey east for di road wey dey between Bethel and Shekem.
20 So dem tell Benjamin men wey still nid wife sey, "Make una go hide
for di vineyards. 21 Anytime una si di yong wimen for Shiloh kom out kon
dance for di festival, una go rush kom out kon katch dem one-by-one go
house for Benjamin town as una wife! 22 Den wen dia papa and brodas
kom meet us with vexnashon, wi go tell dem sey, 'Abeg make una sorry
for us. Make una allow dem marry una dotas, bikos wi nor fit find wife
for all of dem wen wi distroy Ramot. And nor-tin go do una if una break
di vow, bikos una nor really marry una dotas give dem from una mind.' "
23 So Benjamin men do as dem tell dem. Each man katch one woman as
dem dey dance for di festival kon karry am go as en wife. Dem go back to
dia own land kon build house and stay der again.
24 Den Israel pipol komot from der. Evry man go back to en tribe, family
and evritin wey e get.
25 For dat time, Israel nor get king; so evribody dey do wetin dem tink
sey dey good for dia eye.

# Rut
## Introdushon

Dis short book wey bi Rut dey for di centre for di two major part for Israel pipol kovenant with God. Di first part, (Jenesis to Judges), na about how Abraham shidren kom bi great nashon, as God promise. Di sekond part, (Samuel to Kings), tok about di promise wey God give David sey one among en shidren go always bi king. Di book help us link di days from di judges go rish David time. Since Moab pipol nor help Israel pipol wen dem komot from Egypt, dis book show how Rut, wey kom from Moab, kon bi David great-grand-mama. Dis story kover ten generashons afta dem komot from Egypt. Di main purpose of di book na to show di good faith wey one woman (Rut) get and how God laws and pawa dey ova evry situashon.

*Elimelek Go Moab*

1 For di time wen Israel neva get king, honga kon dey for Judah land. So
one man from Betlehem for Judah kon go stay for Moab and e karry en
wife and two sons follow body. 2 (Di man name na Elimelek and en wife
name na Naomi. E get two shidren wey bi Mahlon and Kilion. Dem kom
from Efrat family wey dey Betlehem for Judah.)
3 Afta sometaim, Naomi husband, Elimelek kon die leave di woman and
en two pikin. 4 So di shidren marry wimen from Moab and dia name na
Orpah and Rut. Dem kon stay for Moab for anoda ten years. 5 Den Naomi
two sons, Mahlon and Kilion kon die too. So Naomi nor get husband or
shidren again.
6 So Naomi kon decide sey e go-go back to Betlehem (and en shidren
wifes follow am), bikos as e dey for Moab, e hear sey God don bless en
pipol and honga nor dey dia land again.

*Rut Follow Naomi Go*

7 So, wen en and en two pikin wife komot for where dem dey stay kon
dey go back to Judah, 8 Naomi kon tell di wimen, “Make una listin to mi!
Make una go back to una mama house! Make God show una en favor just
as una don show am to mi and my shidren wey don die! 9 Make God guide
una for una new husband house!”
Den e kiss dem kon sey bye-bye and dem kon dey kry. 10 But di wimen
tell am, “No! Wi go follow yu go meet yor pipol.”
11 So Naomi ansa dem, “My dotas! Make una dey go house! No nid to
follow mi go back to Judah! I nor go fit born pikin wey go bi una husband
again! 12 My dotas, make una dey go house! I don old well-well to marry
again. Even if I feel sey hope still dey to marry dis nite kon get belle born
pikin, 13 true-true una nor go won wait until dem big rish to marry una!
Una nor go fit stay thru-out dat time without husband. Yes! Una nor go fit
wait. So my dotas, make una nor follow mi go, bikos my wahala and sofa
too many for una to karry and na God dey ponish mi!”
14 Dem kon kry well-well again. Den Orpah kiss Naomi kon go back, but
Rut nor gri go.
15 So Naomi tell am, “Si, yor husband broda wife dey go back go meet
en pipol and en god. So make yu follow yor husband broda wife go back!”

16 But Rut ansa, "Nor force mi sey make I leave yu! Anywhere wey yu
go, na der I go-go. Anywhere wey yu won stay, na der I go stay. Yor pipol
go bi my pipol and yor God go bi my God. 17 Where yu for die, I go die for
der too and na der dem go beri mi put. Make God ponish mi well-well if I
nor do wetin I promise! Na only deat go fit separate mi from yu!" 18 Wen
Naomi si sey Rut sirious to follow am go, e kon stop to tell am make e go
back.

### *Naomi And Rut For Betlehem*

19 So dem two kon travel until dem rish Betlehem. As dem rish der, di
whole village happy sey dem kom. Di wimen for di village kon sey, "Na
Naomi bi dis?"
20 Naomi ansa, "Make una nor koll mi, 'Naomi', but make una koll mi
'Mara', bikos God wey get pawa don ponish mi well-well. 21 I komot here
with my husband and shidren, but God don make mi kom back with empty
hand. Wetin make una dey koll mi, 'Naomi,' wen una si sey God tok against
mi and di One wey get pawa don make mi dey sofa?"
22 So na like dis Naomi take kom back from Moab with Rut, en pikin,
Mahlon wife. Dem rish Betlehem wen grain harvest just dey start.

# 2

### *Rut For Boaz Field*

1 E get one man wey rilate to Naomi husband, Elimelek family and en
name na Boaz. E get money well-well and pipol know am for evriwhere
for Betlehem.
2 One day, Rut wey kom from Moab kon tell Naomi sey, "Abeg, make I go
di field go gada rice. I dey sure sey I go si pesin wey go let mi work with
am."
Naomi kon ansa, "My pikin! Yu fit go." 3 So Rut kon go gada rice for di
field wey bi Boaz, wey kom from Elimelek family, own.

### *Boaz Meet Rut*

4 For dat time, Boaz kom Betlehem kon greet di workers sey, "Make God
dey with una!"
Dem ansa, "Make God bless yu too!"
5 Wen Boaz si Rut, e kon ask en savant wey dey show dem wetin to do
sey, "Na where dis woman from kom?"
6 Di savant ansa, "Na di Moab woman wey follow Naomi kom back. 7 E
ask us, 'Weda e fit follow di workers gada rice?' And na since morning
wey e kom e dey work hard kom rish na. E nor dey rest at-all."
8 So Boaz tell Rut, "My pikin! Si, make yu listin well-well! Make yu nor
komot here go gada rice for anoda farm. Yu nor nid to go anoda farm. Yu
fit dey here work with my workers wey bi wimen. 9 Look di farm wey di
men for dey work, den follow di wimen for back. I go tell di men make
dem nor trobol yu. Wen wota dey hongry yu, yu fit go di wota pot go drink
from di wota wey di savants fetch."
10 Rut knee down face groun for Boaz front kon sey, "Wetin make yu dey
good and kare for mi, even doh yu know sey I bi strenja?"
11 Boaz ansa, "Dem don tell mi evritin wey yu dey do for yor moda-in-
law since wey yor husband die. How yu leave yor papa and mama and
yor kountry kon stay with pipol wey yu nor know before. 12 God go bless

yu for evritin wey yu dey do! Di Oga wey bi Israel God wey dey protet yu,
go pay yu for all di good tins wey yu don do!”
13 Rut kon sey, “My oga, yu really dey good to mi, bikos yu don trit mi
like yor savant, even doh I nor bi yor savant!”
14 For di time wey dem won chop food for aftanoon, Boaz kon tell Rut,
“Make yu kom chop some food! Make yu drink some wine too as yu dey
chop yor bread!”
So Rut sidan near di oda workers. Den Boaz give Rut some rice wey dem
roast. Rut chop beleful, den kon keep di rest. 15 Wen Rut stand up won go
gada rice, Boaz kon tell en savants, “Make una let am gada rice for where
rice many and make una nor stop am! 16 Apart from dat, make una put
many rice head for groun, so dat e go si gada and make nobody stop am!”
17 So Rut kon gada rice for di farm till evening. So, wen Rut look all
wetin e gada, e heavy rish three pounds!

### *Rut Go Meet Naomi*

18 Rut karry di rice wey e gada kon go house and en moda-in-law kon si
di rice wey e bring kom. Den Rut give Naomi di rice wey dem roast wey e
chop remain for aftanoon.
19 Naomi ask am, “Na where yu for gada rice today? Na where yu for
go work? Make God bless di pesin wey do dis kind tin for yu!”
So Rut kon tell en moda-in-law who e work for. E sey, “Di man wey I
follow work today, en name na Boaz.”
20 Naomi kon tell Rut, “Make God bless am well-well, bikos God always
dey keep en promise to doz wey dey alive and doz wey don die!” Naomi
kon tell Rut, “Dis man rilate to us and na senior man for awa family.”
21 Rut kon ansa, “Di man even tell mi sey, ‘Work with my savants until
dem don gada evritin finish!’ ”
22 Naomi kon tell Rut, “My pikin, e good as yu dey work with en wimen
savants. For der, nobody go wahala yu, just as dem fit do for anoda farm.”
23 So Rut start to work with Boaz wimen workers kon dey gada rice with
dem until di harvest finish. Afta dat time, Rut kon stay house with en
moda-in-law.

## 3

### *Naomi Tell Rut Wetin To Do*

1 For dat time, Naomi kon tell Rut, “My pikin, I must find betta house for
yu, so dat yu go dey sikure. 2 Yu si, Boaz wey yu dey work with en wimen
savants, na awa relashon. Si, e won blow kanda komot from en rice dis
nite. 3 So make yu baf well-well, rub oil wey dey scent kon dress well. Den
go where e for dey work. But nor let am know sey yu dey der until e don
chop finish. 4 Wen e don ready to go sleep, look di place wey e go sleep
put. Den pul di klot e take kover en leg make yu sleep near am. E go tell
yu wetin yu go do.”
5 Rut kon ansa Naomi, “I go do evritin wey yu tok.”

### *Rut Visit Boaz*

6 So Rut go where Boaz dey kon do evritin wey en moda-in-law tell am
make e do.

7 Wen Boaz don chop beleful, e kon go sleep for di end for where dem
gada di rice put. Den Rut small-small waka go der, open en leg kon sleep
near am. 8 For mid-nite, Boaz roll kon si sey woman sleep near am!

9 E kon ask, "Who yu bi?"

Rut ansa, "Na yor savant Rut. Make yu marry mi yor savant, bikos yu bi senior man for awa family."

10 Boaz ansa, "My pikin! Make God bless yu! Dis one wey yu do so, betta
pass evritin wey yu don do before. Bikos yu nor even tink to marry any of
di oda men, weda dem get money or not. 11 So Rut, make yu nor worry, I
go do evritin wey yu ask for, bikos evribody for di village know sey yu bi
good pesin. 12 True-true, I rilate to yor husband, but e get anoda relashon
wey dey klose to Elimelek pass mi. 13 But make yu stay here dis nite. Wen
day break, if e agri sey e go marry yu, den e good like dat. But if e nor gri,
I promise sey as long as God dey alive, I go marry yu. So make yu sleep
till day go break."

### *Rut Go Meet Naomi*

14 So Rut sleep near am until morning rish. E wake-up wen day neva break well-well, bikos Boaz sey, "I nor wont make pipol know sey woman kom meet mi for here."

15 Den e tell am, "Make yu spread yor skaf." Rut kon do as e tok. So Boaz
kon measure rice wey rish eight pounds put for di skaf and karry am put
for Rut shoulder, so e kon karry am go house 16 go meet en moda-in-law.

Wen Rut rish house, Naomi kon ask am, "My pikin, wetin happen?" Rut
kon tell am all wetin di man do for am. 17 E kon sey, "E give mi dis rice wey
rish eight pounds kon sey, 'Make yu nor go back go meet yor moda-in-law
with empty hand.' "

18 Den Naomi sey, "My pikin, make yu nor worry; wait until dem setol di matter. Di man nor go rest until e handle di matter today."

# 4

### *Boaz marry Rut*

1 Naw, Boaz kon go sidan for di village gate. Wen di relashon wey dey klose to Elimelek dey waka pass; di man wey e tell Rut about, Boaz kon tell am. "My friend, abeg kom sidan for here, bikos I wont tok with yu!" So, e kon sidan.

2 Boaz koll ten leaders for di village make dem kon sidan too. And dem
kon sidan. 3 Den Boaz tell Elimelek relashon wey klose pass sey, "Naomi
wey kom back from Moab won sell di land wey bi awa broda Elimelek, en
husband own. 4 E good make yu know about am. So if yu wont am, make
yu buy am for di leaders present wey sidan here. But if yu nor wont am,
make yu tok, bikos na yu get rite to buy first, before mi."

Den di man sey, "I go buy am."

5 Den Boaz still sey, "If yu buy Naomi farm, dat mean sey yu go buy Rut, en pikin wife, wey follow Naomi kom from Moab, so dat di land go still dey Elimelek family."

6 Den di man ansa, "If na like dat, den make yu, Boaz, buy am, bikos I nor wont kause wahala for my family. Make yu buy am, I nor wont again."

7 (As dem dey do before for Israel, wen dem won setol matter about land or propaty, na tradishon sey di pesin wey won sell go pul en sandal give

di pesin wey won buy. Na like dis Israel pipol take dey show sey di matter don setol.)
8 So wen di man tell Boaz make e buy am, e kon pul en sandal give Boaz.
9 Den Boaz tell di leaders and evribody wey dey der, "All of una na
witness sey, 'Today I don buy from Naomi, evritin wey bilong to Elimelek
and en shidren, Kilion and Mahlon.' 10 I don buy Rut, wey kom from Moab,
Mahlon wife, as my wife, so dat di propaty go still dey Elimelek family and en name go still dey among en pipol and en house. All of una na witness today."
11 Den all di eldas wey dey di gate kon sey, "Yes! Wi bi witness. Make
God make yor wife bi like Rashel and Leah, wey born many pikin for Jakob. Make yu get plenty money for Efrat and evribody go know yu for
Betlehem. 12 Di shidren wey God go give yu thru dis woman go make yor
family bi like Perez own. Perez wey bi Judah and Tamar pikin."

### *Naomi Get Grand-pikin*

13 So Boaz kon marry and sleep with Rut. God kon let Rut get belle and
e kon born boy. 14 Di wimen for di village kon tell Naomi, "Make praiz bi
God own, bikos E nor leave yu without who go take kare of yu! Dis pikin
go popula for Israel! 15 E go enkourage and provide for yu wen yu don
old, bikos yor pikin wife wey love yu, don born boy for yu. And wi know
sey di woman betta pass seven boys to yu!" 16 Naomi put di pikin for en
lap kon kare for am. 17 Di wimen for di village kon sey, "Naomi don get
boy pikin." So dem koll am Obed. Na Obed bi Jesse papa and na dis Jesse born David!

### *Obed Generashon*

18 Na Perez family bi dis:
Perez na Hezron papa
19 and Hezron born Ram.
Ram born Amminadab
20 and na Amminadab
born Nahshon.
Nahshon na Salmon papa
21 and Salmon born Boaz
wey bi Oded papa.
22 Na Oded bi Jesse papa
and na Jesse born David.

# First Samuel

*Hannah Born Samuel*

1 E get one man wey kom from Ramataim Zofim for Efraim kountry wey
dey on-top hill and en name na Elkanah. Elkanah papa name na Jeroham.
Elihu wey bi Tohu pikin, na-im born Jeroham and na Zuf wey kom from
Efraim tribe, bi Tohu papa. 2 Elkanah get two wife; di first one name na
Hannah, while di sekond one na Peninnah. Peninnah get shidren, but
Hannah nor get.

3 Evry year, Elkanah dey from en town go woship and sakrifice to God
for Shiloh. Na der, Eli two pikin (Hofni and Finehas) dey for serve God as
priest. 4 Wen ever e rish Elkanah turn to woship God, e dey give meat to
en wife Peninnah and all en shidren. 5 But e dey give Hannah doubol part,
bikos e love am well-well, but God neva give Hannah pikin. 6 Peninnah
dey always laf and make yanga for Hannah, bikos God neva give Hannah
shidren. 7 Peninnah dey always bihave like dis evry years. Anytime wey
Hannah go God house, Peninnah go laf and curse am, so Hannah go dey
kry and e nor go gri chop. 8 One day, Elkanah kon ask Hannah, "Wetin
make yu dey kry and nor gri chop? Why yu dey vex? I nor dey good for
yu pass ten boy pikin?"

9 So one day wen dem go Shiloh, afta dem don chop and drink finish,
Hannah stand up kon go pray. (Dat time Eli wey bi priest sidan for en
chair wey dey God Temple door-mot.) 10 Hannah nor dey happy as e dey
pray give God, so e kon dey kry. 11 So e kon promise God sey, "My papa,
if Yu go sorry and remember mi, yor savant, den give mi one boy pikin, I
go dedikate am give Yu as long as e dey for dis life and dem nor go ever
kut en hair."

12 As Hannah still dey pray give God, Eli kon dey look en mout. 13 Naw,
Hannah dey pray from en heart. Aldo en lips dey move, but dem nor dey
hear en vois. So Eli kon feel sey Hannah don drink well-well. 14 So e tell
am, "Why yu drink kom here? Make yu nor dey drink again!"

15 But Hannah ansa, "My oga! Nor bi as yu tink am! My mind nor setol
at-all. I nor drink as yu dey tink o-o. I just dey tell God evritin wey dey
my heart. 16 Nor tink sey yor savant dey wiked, bikos I just dey pray since
bikos my heart dey heavy."

17 Eli kon ansa, "Make yu go! Make peace follow yu and make Israel God
give yu wetin yu wont."

18 So, Hannah kon sey, "Make mi, yor savant get favor for yor eyes." So
di woman go find wetin e go chop and e kon dey happy.

19 Di next day, Elkanah and en family wake-up for early morning go
woship God, den dem kon go back to dia house for Rama. Elkanah sleep
with en wife Hannah and God kon remember am. 20 Afta sometaim,
Hannah get belle kon born boy. Den Hannah koll am, Samuel, bikos e
sey, "I ask God make E gi-am to mi."

*Hannah Give Samuel To God*

21 Di next year, Elkanah and en family kon go sakrifice give God again
and dem gi-am di vow wey dem make, 22 but Hannah nor go. Instead, e

tell en husband, "Wen di boy don big small, I go bring am to God kon gi-am
to am forever."
23 So, Elkanah sey, "Make yu do wetin dey yor mind. Stay with di boy
until e fit stay alone. Make God komplete wetin E don start."
24 So di woman stay with en pikin until e kon big. Wen Hannah don
train am rish, e kon karry am with three melu, one bag of flower and one
kontaina of wine, go God house for Shiloh. 25 Afta dem don kill di melu,
dem kon take di boy go give Eli. 26 Hannah kon sey, "Oga, yu remember
mi so? Na mi bi di woman wey yu si stand for here dey pray give God. 27 I
ask am for pikin and E don give mi wetin I wont. 28 Naw, I don gi-am to
God. From today go, I dey dedikate am give God." Den, dem kon woship
God for der.

# 2

*Hannah Praiz God*

1 Hannah kon pray dey sey,
"My heart dey happy bikos of God;
I dey blow my trumpet loud for God.
I dey shaut and happy,
bikos God don disgrace and save mi from my enemies.
2 Nobody dey holy like God!
E nor get anybody wey strong like Yu!
E nor get any rock wey bi like God.
3 Make una stop to tok anyhow;
make betta word dey kom out from una mout,
bikos di Oga God na God
wey know evritin wey pipol dey do.
4 Sojas swod don break to pieces,
but doz wey dey weak,
God dey make dem strong again.
5 Pipol wey dey chop well and get evritin before,
don dey fine work naw,
so dat dem go si food chop,
while doz wey dey hongry before,
don si plenty food chop.
Even di woman wey neva get belle before,
don born seven shidren,
but di ones wey get plenty shidren,
nor get again.
6 God dey kill and give life;
E dey beri and raiz pipol from deat.
7 E dey make some poor kon make odas rish.
E dey honbol some kon make odas great.
8 E dey karry weak pipol komot from san-san
and dey make poor pipol
sidan with prince and princess
kon put dem for where pipol go honor dem.
Di foundashon wey di eart sidan put,
na God get am;
na on-top am E build di world.

9 E dey wosh and guide di pipol wey E choose,
but E dey make wiked pipol shut up
for di dark place wey dem dey,
bikos nobody fit win war with en own pawa.
10 God go skata en enemies;
E go skata dem with tonda from heaven.
God dey judge di world from biginnin go rish di end.
E go give en king pawa kon honor di one wey E anoint."
11 Den, Elkanah and en family kon go back to Rama. But Samuel stay for
Shiloh dey serve God with Eli wey bi di priest.

### *Eli Sons*

12 Eli sons dey wiked and dem nor dey do wetin God kommand. 13 Naw,
na so di priest dey trit di pipol: Wen anybody dey make sakrifice, as di
meat dey boil, di priest savant go kom with fork wey get three head. 14 Dem
go put am inside di pot, basin or kettol and anytin wey di fork bring kom
out, go bi di priest own. Dis na wetin dem dey do to all Israel pipol wen
ever dem kom Shiloh. 15 Even before dem go burn di fat wey dey di meat,
di priest savant go kom tell di pipol sey, "Make una give di priest some
meat make e roast. E nor go take meat wey dem don boil from una, escept
di one wey dem neva kook."
16 If di pipol sey, "Make wi first boil di fat wey dey di meat, den yu fit
take yor own komot," di priest go sey, "No! Make una gi-am to mi like dat!
If una nor give mi naw, I go use force take am!"
17 Eli shidren sin too plenty for God eye, bikos dem dey trit God ofrin
anyhow without respet.
18 Naw, Samuel dey serve for God house. Di boy wear klean linen klot.
19 Anytime wey en mama kom with en husband to do sakrifice evry year,
dem dey bring new dress for Samuel.
20 Eli go kon bless Elkanah and en wife sey, "Make God give yu many
shidren thru dis woman and di shidren go replace Samuel wey yu dedikate
give God." Den dem go-go back to dia house. 21 So God really bless Hannah
and e kon born three boys and two girls. Samuel grow for inside God
house.
22 Naw, wen Eli don old well-well, e kon dey hear evritin wey en boys
dey do to evribody for Israel and how dem dey sleep with wimen for di
temple door-mot. 23 E kon tell dem, "Why una dey bihave like dis? Bikos
I don hear all di bad tins wey una dey do. 24 My shidren, e nor suppose
bi like dis, bikos di tin wey I dey hear about una from God pipol, nor dey
good to hear. 25 If man sin against man, pesin fit beg God to forgi-am. But
if man sin against God, na who go kon pray for am?" But di boys nor gri
listin to dia papa, bikos God don sey E go kill dem.
26 So, Samuel kon dey grow and get favor from both God and pipol.

### *God Judge Eli House*

27 One man of God kom Eli house kon sey, "Dis na wetin God tok: 'Wen
Aaron and en family bi slave for Egypt, I show mysef to Aaron. 28 From
all di tribes for Israel, I choose una grand-grand papa Aaron family to
bi priest, so dat dem go serve and burn incense for mi, den kon wear di
priest garment for my present. And I give dem di rite to take some from di
sakrifice wey pipol dey burn give mi. 29 So wetin make dem get long-trot

for di sakrifice and ofrin wey I sey make dem put for where I dey? Eli, yu don honor yor boys pass mi, bikos yu don make dem fat from di best part of meat from all di ofrin wey my pipol for Israel dey bring.'

30 "So, di Oga wey bi Israel God sey, 'Aldo I tok sey yor house and yor grand-grand papa house go serve mi forever, but e nor go happen again! Bikos I go honor doz wey honor mi, but doz wey nor gri do wetin I tok, I
go curse dem! 31 Make yu listin, di time dey kom wen I go kill all di yong men wey dey yor family and town, so dat no man for yor family go get
long life. 32 Yu go si trobol for here wey I dey! Even doh I go bless Israel
pipol, nobody for yor family go ever rish old age. 33 I go keep one man for yor family and e go serve mi as priest. But I go blind en eye; e nor go get hope and all yor shidren and shidren-shidren go die yeye deat.

34 " 'Wen yor two boys, Hofni and Finehas, go die for di same day, den yu
go know sey evritin wey I tok, go happen. 35 Den I go choose one priest wey dey loyal. E go do wetin dey inside my heart and soul. I go gi-am shidren
wey go always dey serve for front of di one wey I choose. 36 Evribody wey remain for yor house go kom bow for en front dey ask for money and food and dem go dey beg to help di priests, so dat dem go get food to chop.' "

# 3

*God Koll Samuel*

1 Samuel kontinue to serve God under Eli di priest and for dat time, God nor dey too give dem message or vishon.

2 One nite, Eli wey nor dey si well-well again dey sleep for en room 3 and
Samuel dey sleep for where di Kovenant Box dey. Before day break as di
lamp still dey on 4 God kon koll Samuel and e ansa, "Na mi bi dis!" 5 Den
e run go meet Eli kon sey, "Si mi here, yu bin dey koll mi."

But Eli sey, "I nor koll yu. Make yu go back go sleep."

6 Den God koll again, "Samuel!" So Samuel get up kon go meet Eli sey, "Si mi here, yu dey koll mi."

But Eli ansa, "I nor koll yu my pikin. Make yu go back go sleep."

7 Naw Samuel neva still know God; e neva know wen God dey tok.

8 Den God koll Samuel for di third time. E get up go meet Eli sey, "Si mi here, yu bin dey koll mi."

Eli kon know sey na God dey koll di boy. 9 So e kon tell Samuel, "Go back
go sleep. Wen yu hear di vois koll yu again, make yu sey, 'Oga, tok to mi, yor savant dey listin.' " So Samuel kon go back go sleep.

10 Den God kom near and koll am as before, "Samuel! Samuel!"

So Samuel ansa, "Tok to mi, yor savant dey listin!"

11 God tell Samuel, "Look! I won do sometin for Israel; wen anybody
hear am, en two ear go dey shine like star. 12 For dat day, I go ponish Eli
family as I don tell am before and evritin wey I tok from biginnin go rish
end, go happen! 13 Make yu tell am sey, I won judge en family forever, bikos of di sins wey en ensef know about. Bikos en boys shidren dey curse
God and e nor stop dem. 14 So, I don swear for Eli house sey, 'Dem nor go fit use sakrifice or korn ofrin take forgive di sin wey Eli family kommit.' "

15 So Samuel sleep until day break. Den e open di door for God house.
But Samuel dey fear to tell Eli di vishon. 16 Eli koll Samuel kon sey, "Samuel my pikin!"

Samuel ansa, "Si mi here."

17 Eli ask am, "Na wetin God tell yu? Nor hide am from mi, if not God go
ponish yu well-well!" 18 So Samuel tell Eli evritin. E nor hide anytin from
am. Eli kon sey, "Make God do wetin E like."

19 Samuel kon dey grow and God dey with am. Anytin wey e tok, must
happen. 20 Evribody for Israel from Dan go rish Beersheba know sey
Samuel na real profet from God. 21 God kon dey show ensef for Shiloh,
di place wey e for appear to Samuel kon tok to am. And wen Samuel tok,
evribody for Israel dey listin to am.

# 4

### *Filistia Pipol Karry Di Kovenant Box*

1 Den Samuel tell Israel pipol wetin God tok.

Israel pipol kon go fight Filistia pipol. Dem kamp for Ebeneza and Filistia
pipol kamp for Afek. 2 Filistia pipol kon gada dia sojas go fight Israel pipol.
Wen di fight start, Filistia pipol kon win and kill about 4,000 Israel men
for di war. 3 Wen di sojas kom back to dia kamp, Israel leaders kon sey,
"Wetin make God let Filistia pipol win us like dis? Make wi karry God
Kovenant Box from Shiloh, follow body. If di box dey with us, e go save
us from awa enemies."

4 So dem send some sojas go Shiloh go karry God Kovenant Box wey dey
for di cherubim centre. Eli two boys pikin, Hofni and Finehas, dey der
with God Kovenant Box.

5 Wen God Kovenant Box rish di kamp, Israel pipol kon shaut well-well,
sotey di groun kon dey shake. 6 Wen Filistia pipol hear di pipol shaut, dem
kon sey, "Wetin make Israel pipol dey shaut like dis for Hibru kamp?"

7 Fear katch Filistia pipol, bikos dem fill sey difren gods don enter Israel
kamp. Dem kon sey, "Dis one bad for us! Wi neva si anytin like dis before
o-o! 8 Dis one sirious well-well! Na who go save us from dis big-big gods?
Dis na di gods wey kill Egypt pipol with difren diziz for di desert! 9 So
Filistia pipol, make una dey strong kon bihave like men, if not una go
serve Hibru pipol di way wey dem don serve una! Make una fight dem
like men!"

10 So Filistia pipol kon fight and kill Israel pipol well-well till di remainin
ones, run go house. Di pipol wey dem kill many well-well; 3,000 sojas wey
dey waka for groun die for di war; 11 dem take di Kovenant Box go and Eli
two boys, Hofni and Finehas die too.

### *Eli Die*

12 Dat day, one man from Benjamin tribe run from di war front go Shiloh.
E shirt don tear and dirty full en head. 13 Wen e rish Shiloh, Eli sidan for
chair for outside dey look di road, bikos en mind dey disturb am about
di Kovenant Box. As di man enter di town go tok wetin happen, di whole
town kon dey kry.

14 Wen Eli hear dem dey kry, e kon sey, "Wetin dey happen?"

Di man run go meet Eli kwik-kwik. 15 Dis time, Eli na ninty-eight years.
En eyes open, but e nor dey fit si well. 16 Di man kon tell Eli, "I run komot
from di war front today!"

Eli kon ask am, "My pikin, na wetin dey happen for dat side!"

17 Di man ansa, "Israel pipol don run from Filistia pipol! Dem don kill di sojas well-well! Yor two boys, Hofni and Finehas, don die too. And dem don karry God Kovenant Box go!"

18 As di man koll God Kovenant Box, Eli kon fall from en chair go back near di gate. En neck break and e kon die, but e don old well-well. E judge Israel pipol for forty years.

19 En pikin, Finehas wife get belle and don nearly born. Wen e hear sey Filistia pipol don take di Kovenant Box and en husband and en husband papa don die, e shaut well-well kon born. But di pains too mush for am.
20 As e dey die, di wimen wey dey with am kon sey, "Nor fear! Yu don born boy!" But e nor ansa dem or listin to wetin dem dey tok.

21 E koll di pikin Ikabod, wey mean "God glory don komot from Israel," e dey tok about di Kovenant Box wey Filistia pipol don karry go, en husband and husband papa wey don die. 22 E kon sey, "God glory don komot from Israel, bikos Filistia pipol don karry God Kovenant Box go."

# 5

*Di Kovenant Box Kause Wahala For Filistia Pipol*

1 Naw, Filistia pipol don karry God Kovenant Box from Ebeneza go
Ashdod. 2 Dem take di Kovenant Box go Dagon temple kon put am near
Dagon. 3 Wen di pipol for Ashdod wake-up di next day, Dagon don fall for groun for di box front. So dem take Dagon kon put am back for where e
suppose dey. 4 But wen dem wake-up di next day again, Dagon dey groun for di Kovenant Box front. Dis time, en head and hand don break komot and e liedan face di door. Na only di body remain. 5 Bikos of dis, go rish today, nobody fit enter Dagon temple again, bikos anybody wey won enter di temple for Ashdod, go first mash Dagon head pass.

6 God really attack di pipol wey dey stay Ashdod and E kause betta wahala for dem. God put sore for all di pipol body, both doz wey dey
Ashdod and doz wey dey stay near der. 7 Wen Ashdod pipol si wetin dey happen, dem kon sey, "Make dem komot Israel God Kovenant Box from
here, bikos e don attack both wi and Dagon wey bi awa god!" 8 So dem gada all Filistia pipol leaders kon sey, "Wetin wi go do to dis box wey bi Israel pipol God own?"

Di leaders ansa, "Make dem karry am go Gat." So dem kon karry di box go.

9 But afta dem don komot am, God attack di town again kon make all of dem dey fear. E make sore full di pipol body.

10 So dem karry di box go Ekron, den di pipol for Ekron kon shaut dey sey, "Dem don bring Israel God Kovenant Box kom here, so dat e go kill
awa pipol!" 11 So dem gada all Filistia pipol leaders kon sey, "Make una komot di Oga wey bi Israel God box from dis place! Make una karry am go back to where e dey before, so dat e nor go kill wi and awa pipol!" Di angel wey dey kill pipol dey di town dey waka and God dey ponish di pipol
well-well. 12 Doz wey nor die, get sore full body and di kry wey di town pipol dey kry, dey even rish heaven.

# 6

*Filistia Pipol Riton Di Box*

1 Di Kovenant Box dey for Filistia pipol land for seven monts. 2 So Filistia
pipol koll di priest and doz wey dey si vishon kon sey, “Wetin wi go do with
di Kovenant Box? Make una tell us how wi go take karry am go back to
where e suppose dey.”

3 Dem kon ansa, “If una won riton Israel God box go back to where e
dey before, una must karry sometin join am. Una must put ofrin wey go
show sey wetin una do nor good. Den una go dey well and una go know
wetin make God dey ponish una.” 4 Dem kon ask, “Na wetin bi di ofrin
wey wi go karry follow am?”

Di priest and doz wey dey si vishon kon ansa, “Una leaders na five. So
make una karry five gold sore and five gold rat, bikos na di same sickness
do una with una leaders. 5 Una go make image wey bi like di sore and
rat wey dey distroy di whole land, den kon honor Israel God. May bi E go
sorry for una, una gods and una land. 6 Wetin make una dey sturbon like
Egypt pipol and dia king? Wen God ponish dem, dem nor sey make Israel
pipol dey go?

7 “So make una go make truck, plus two melu wey dem neva put wood
cross dia head before. Make una karry dem for di truck kon drive dem
with dia pikin go di yard. 8 Den make una take di Kovenant Box put for
di truck kon add di gold tins wey una won give God join am, as ofrin for
wetin una don do so. Den una go send am go. 9 But make una dey look am.
If only di truck go by ensef to Bet-Shemesh borda, den make una know sey
na God give una dis big wahala. But if e nor go like dat, den wi go know
sey nor bi en dey give us dis wahala; instead, e just happen to us like dat.”

10 So di men go do as di priest tell dem. Dem take two melu kon join dem
to di truck; dem put dia pikin from di yard. 11 Dem kon put di Kovenant
Box for der, plus di cupboard, di gold rat and sore image. 12 Den di melu
kon go strait to Bet-Shemesh. Dem dey make nois as dem dey go. Dem nor
turn face left or rite. Filistia pipol leaders follow dem for back until dem
rish Bet-Shemesh borda.

13 By dis time, di pipol for Bet-Shemesh dey harvest wetin dem plant
for dia farm. Wen dem look up kon si di box, dem happy well-well. 14 Di
truck enter one field for Bet-Shemesh and na Joshua own, den e stop for
der near one big stone. Di pipol skata di truck, kill and offa di two melu as
burnt ofrin give God. 15 Doz wey kom from Levi tribe, karry di Kovenant
Box with di cupboard wey get di gold tins wey follow di box kon go put
am near di big stone. So Bet-Shemesh pipol offa burnt ofrin and sakrifice
to God. 16 Di five Filistia pipol leaders dey wosh wetin dey happen, but
dem go back to Ekron for dat same day.

17 Dis na di towns wey Filistia pipol leaders for bring di gold sore wey
dem offa to God, so dat E go forgive dem dia sin: Ashdod, Gaza, Ashkelon,
Gat and Ekron. 18 Dem still bring gold rat for each towns wey di five kings
dey rule; from di strong ones go rish di village dem, plus di Great Abel
where dem put di Kovenant Box, until di day wey e rish Joshua (wey kom
from Bet-Shemesh), field.

19 But God kill some of Bet-Shemesh pipol, bikos dem go look inside di
box; pipol wey God kill na 50,070. Di pipol kry, bikos God kill dia pipol.
20 Di pipol wey dey stay Bet-Shemesh kon ask, “Na who go fit stand before
di Oga awa God wey dey holy? Na where wi won send di box go, so dat
God go leave us?”

21 So dem kon send messenja go meet di pipol wey dey Kiriat-Jearim
sey, “Filistia pipol don riton di Kovenant Box. Make una kom take am go
house.”

# 7

*More War With Filistia Pipol*

1 Den, Kiriat-Jearim pipol kom karry di Kovenant Box go Abinadab house
wey dey di hill. Dem kon santify Abinadab pikin, Eleazar, so dat e go dey
guide di box.

*Samuel Rule Israel*

2 So di Kovenant Box stay for Kiriat-Jearim for twenty years. For dis time,
Israel pipol dey kry give God make E help dem. 3 Samuel kon tell Israel
pipol, “If una don really turn from sin kom meet God with all una heart,
make una remove all di small-small Ashtoret gods wey una get. Make una
give una heart to God kon serve only en. Den E go save una from Filistia
pipol pawa.” 4 So di pipol remove all Ashtoret gods and juju and dem kon
dey serve only God.

5 Den Samuel sey, “Make una gada evribody for Israel kom Mizpa and I
go pray to God for una.” 6 Afta dem don gada for Mizpa, dem kon draw
wota pour put for God front. Dem nor chop for dat day and dem kon
konfess all dia sins for der dey sey, “Wi know sey wi don sin against God.”
So Samuel pray for Israel pipol for Mizpa.

7 Wen Filistia pipol hear sey Israel pipol don gada for Mizpa, dia leaders
kon gada dia sojas make dem for go fight Israel pipol. As Israel pipol hear
sey Filistia pipol dey kom, fear kon katch dem. 8 So dem kon tell Samuel,
“Abeg! Make yu still pray to di Oga awa God, so dat E go save us from
Filistia pipol!” 9 So Samuel take one small sheep kon offa am as one full
ofrin to God. Samuel pray to God for Israel pipol and God kon ansa am.

10 As Samuel dey burn di ofrin, Filistia pipol dey kom fight Israel pipol.
But for dat day, God kon send tonda from heaven go meet Filistia pipol. E
make dem fear well-well and Israel pipol kon kill dem well-well. 11 Den,
Israel men kon from Mizpa porshu Filistia pipol kon kill dem rish one aria
for Bet-Car.

12 Samuel put one stone between Mizpa and Shen. E koll di place
Ebeneza, bikos e sey, “Na God help us rish here.” 13 So Israel pipol win
Filistia pipol and dem nor fight Israel pipol again. Thru-out Samuel time,
God dey against Filistia pipol. 14 All di towns wey Filistia pipol don take
from Israel before, Israel pipol kon take dem back from Ekron go rish
Gat. Israel pipol take dia aria from Filistia pipol hand and peace kon dey
between Israel and Amor pipol. 15 So Samuel lead Israel pipol till e die.
16 Evry year, e dey travel go Bethel and from der, e go-go Gilgal till e rish
Mizpa kon dey judge Israel pipol for evriwhere. 17 Den e go kom back to
Rama, bikos en house dey der. E still dey judge Israel pipol for der and e
build one altar for der wey dem for dey woship God.

# 8

*Israel Pipol Ask For King*

1 Wen Samuel don old, e kon sey make en sons dey judge Israel pipol.
2 En first boy name na Joel and di sekond one na Abijah. Dem dey judge
Israel pipol for Beersheba. 3 But en boys nor follow wetin e tish dem,
instead dem dey take bribe and nor dey judge well. 4 So all di leaders for
Israel gada go meet Samuel for Rama 5 kon tell am, "Si, yu don old and yor
shidren nor dey do as yu dey do. So make yu choose king wey go lead us,
just as all di oda nashons get."

6 But Samuel nor like wetin dem ask for, bikos dem sey, "Give us king
wey go lead us." So Samuel kon pray to God. 7 God tell Samuel, "Make yu
do evritin wey di pipol ask yu, bikos nor bi yu dem rijet, but na mi dem
rijet as dia king. 8 Since I take dem komot Egypt kon rish today, na so dem
dey rijet mi. Dem rijet mi kon dey serve difren gods. Na di same tin dem
dey do to yu naw. 9 So naw, make yu do as I tok. But make yu warn dem
well-well kon make dem know evritin about how di king go rule dem."

10 So Samuel tell di pipol wey dey ask for king evritin wey God don tok.
11 E sey, "E get di way di king go take rule una; e go turn una shidren to
sojas; some of dem go bi savant for en shariot and odas go dey run follow
di horse.

12 "Na only en go choose leaders wey go dey look ova tazon and doz wey
go dey look ova fifty, plus doz wey go dey klear en field kon harvest wetin
e plant and dem go dey make en war materials for am. 13 Una dotas go
make pomade, kook and bake for di king. 14 E go take una best field and
vineyard kon give dem to en own savants. 15 One part out of evry ten seed
and food wey una harvest, e go kollect am go give en ofisas and savants.
16 Una man and woman savant, plus una best animals, di king go take and
use dem for ensef. 17 E go take one out of evry ten animals wey una get
and unasef go bi en savants. 18 For dat day, una go kry, bikos of una king
wey una take una hand choose, but God nor go ansa una."

19 But di pipol still sey dem wont king. Dem nor gri listin to di warnin
wey Samuel dey give dem. 20 Dem dey sey, "Wi won bi like oda nashons.
Awa king go judge and lead us and e go fight awa fight."

21 So Samuel listin to all wetin di pipol dey tok kon go tell God. 22 God
tell Samuel, "Go do as dem tok and make yu give dem king wey go rule
dem."

Den Samuel tell di men for Israel, "Make all of una dey go back to una
house."

# 9

*Samuel Meet Saul*

1 E get one man from Benjamin tribe, en name na Kish and en papa na
Abiel wey Zeror born and na Bekorat wey en papa na Afia from Benjamin
tribe, born Zeror. Dem know Kish well-well for evriwhere. 2 E get one
pikin, en name na Saul and e fine well-well. E nor get anybody for Israel
wey fine rish am and e tall pass evribody for Israel.

3 One day, Saul papa donkey kon waka lost, so Kish kon tell Saul, "Make
yu take one savant follow body, den make una go find di donkey." 4 So
Saul cross Efraim hill kountries kon pass thru Shalisha land, but dem nor
si di donkey.

5 Wen dem rish Zuf land, Saul kon tell en savant wey dey with am sey,
"Make wi dey go back before my papa go stop to worry for di donkey kon
dey worry for us."
6 But di savant ansa, "Si, one God savant dey dis town wey evribody dey
respet. Evritin wey e tok really dey happen. So make wi go der, may bi e
fit tell us wetin wi go do."
7 So Saul ansa, "Okay! Make wi go der. But wetin wi go give di man
since wi don finish all di food for awa bag? Wi nor get any gift wey wi go
give God savant." Den e ask en savant, "Na wetin wi still get?"
8 Di savant ansa, "Si, I still get small money for my hand. Wi go gi-am
to God savant and e go tell us wetin wi go do."
9 (For dat time for Israel,
if anybody won go hear from God, e go sey, "Kom make wi go si di pesin
wey dey si vishon." Bikos dat time, dem dey koll profet, "Pesin wey dey si
vishon.")
10 Saul tell en savant, "Yu wise well-well! Kom make wi dey go." So dem
kon go di town where God savant dey.
11 As dem dey waka enter di town, dem kon meet some girls wey go
draw wota dey kom. So dem ask dem, "Di man wey dey si vishon, na here
e dey stay?"
12 Di girls ansa, "Yes! Make una still waka go strait. But una go waka
fast, bikos na today e kom di town and di pipol dey do sakrifice for di altar
wey dey di hill.
13 And wen una enter di town, una fit si am, before e go-go
chop for di altar for di hill. Di pipol nor go chop until e kom, bikos e must
bless di sakrifice. Wons e don bless am, doz wey dem invite go bigin chop.
Naw make una dey go, bikos na naw una go fit si am."
14 So dem kon waka enter di town. As dem dey waka go di town centre,
Samuel dey waka kom dia way and e dey go di altar for di hill.
15 Naw, di day before Saul kom, God don tell Samuel:
16 "For dis time
tumoro, I go send one yong man kom meet yu from Benjamin tribe. Yu
go anoint am kon make am king ova my pipol, Israel. E go save dem from
Filistia pipol hand. Bikos I don favor my pipol and dia prayers don rish
my ear."
17 Wen Samuel si Saul, God kon tell am, "Na di man wey I tell yu bi dis.
E go rule my pipol."
18 As Saul dey waka near Samuel for di gate centre, e kon ask Samuel,
"Abeg tell mi where di man wey dey si vishon dey stay."
19 Samuel ansa Saul, "Na mi dey si tumoro. Waka for my front go di
altar for hill. Today yu go follow mi chop, den yu go-go house tumoro. I
go tell yu evritin wey yu dey tink.
20 Make yu nor worry about di donkey
dem wey lost three days ago, bikos dem don si dem. But na who Israel
pipol dey look for? Na yu and evribody for yor papa house?"
21 Saul ansa, "Na Benjamin tribe wey small pass for Israel, I from kom
and na my family small pass for Benjamin tribe, wetin kon make yu dey
tok to mi like dis?"
22 Den Samuel take Saul and en savant enter room kon show dem where
dem go sleep. Di place betta pass di ones wey dem give doz wey dem invite.
Na like thirty men kom di sakrifice.
23 Samuel kon tell di pesin wey dey
kook sey, "Give mi di food wey I sey make yu keep for mi."
24 So di pesin take di meat leg kon go put am for Saul front. Samuel kon
sey, "Di food wey dem keep, na-im dey yor front naw o-o. Chop, bikos na

yu dem keep am for since wen I sey, 'Make una invite pipol kom.' " So
Saul kon follow Samuel chop.
25 Before dem kom down from di altar for di hill kon enter di town,
Samuel follow Saul tok on-top di house. 26 As dem wake-up for morning,
Samuel koll Saul on-top di house kon sey, "Make yu get up dey go house."
So Saul get up and di two of dem kon go outside. 27 As dem dey waka kom
di town, Samuel kon tell Saul, "Tell yor savant make e waka dey go for
front." So Saul kon tell en savant. Den Samuel sey, "Yu go stay here small,
so dat I go-go do wetin God sey make I do."

# 10

*Samuel Anoint Saul*

1 Den Samuel take one kontaina wey get olive oil kon pour am for Saul
head. Samuel kiss am kon sey, "God don choose yu make yu lead en pipol,
Israel! Yu go rule and diliver dem from dia enemies wey dey round dem.
Dis go bi di sign sey God don choose yu as leader ova en propaty. 2 Wen yu
leave mi today, yu go si two men near Rashel Grave for Benjamin borda
wey dey Zelzah. Dem go tell yu, 'Di donkey dem wey yu dey fine, dem don
si dem. Yor papa nor dey worry for di donkey again, but e dey worry for
una too. E dey ask sey, "Wetin I go do naw wey I nor si my pikin?" '
3 "As yu dey go from here, yu go rish dat tall tree for Tabor. Dat time,
three men wey dey go meet God for Bethel, go meet yu. One of dem go
karry three bread and one go karry one kontaina wey get wine. 4 Dem go
ask yu how yu dey and dem go give yu two bread. Make yu kollect dem.
5 "Den yu go-go God hill for Gibeah where Filistia pipol ofisas dey. Wen
yu enter di town, yu go meet some profets wey dey kom down from di
altar for di hill. Dem go karry harps, sheke-sheke, wiso and lyres and dem
go dey tok about wetin go happen. 6 Den God Spirit go enter yu and yu
go dey profesai as dem dey do. Yu go bi like anoda pesin. 7 Wen dis signs
don happen, make yu do anytin wey yu fit do, bikos God go dey with yu.
8 "Yu go-go Gilgal before mi. I go kom meet yu for der kon offa ofrin and
make peace ofrin for der. Yu go wait for seven days, until I go kom tell yu
wetin yu go do."

*Saul Na King*

9 As Saul turn leave Samuel dey go, God kon shange as Saul dey tink. All
di signs happen for dat same day. 10 Wen dem rish Gibeah, some profets
kom meet am. Den God Spirit enter Saul body and e kon bigin tok like di
profets. 11 Wen evribody wey know am before si am dey tok like profet,
dem kon dey ask each oda, "Wetin dey happen to Kish pikin? Saul sef don
bi profet?"
12 One man wey kom from der kon ansa, "Na who bi dia papa?" So dis
tin kon turn parabol: "Saul sef dey among di profets?" 13 Wen Saul don
tok finish, e kon go di altar for di hill.
14 Saul papa broda kon ask en and en savant, "Na where una go?"
Saul ansa, "Wi go look for di donkey. But wen wi nor si dem, wi kon go
meet Samuel."
15 Saul papa broda kon sey, "Make yu tell mi wetin Samuel tell yu."
16 Saul ansa am, "E tell us sey dem don si di donkey." But Saul nor tell
am wetin Samuel tell am about to bi Israel pipol king.

17 Den Samuel koll di pipol make dem kom meet God for Mizpa. 18 E
tell dem, “Dis na wetin di Oga wey bi Israel God tok, ‘I bring una kom out from Egypt kon diliver una from dia pawa and from all di kingdoms wey
dey opress una. 19 But today, una don rijet di God wey save una from all una trobols and wahala. Una don sey, “No! Choose king wey go rule us.” Naw make una stand for God present akordin to una tribe and family.’ ”
20 Den Samuel bring all di tribe for Israel and dem kon trow dice take
choose Benjamin tribe. 21 Den e bring Benjamin tribe akordin to family and na Matri family dem choose. At last, dem kon choose Kish pikin wey en name na Saul wen dem trow di dice. But wen dem look for am, dem
nor si am. 22 So dem kon ask God again sey, “Di man don rish here?”

God ansa, “E hide ensef for back of di tins wey dem dey supply.”

23 So dem run go karry am kom from der. Wen e stand with di pipol, e
tall pass all of dem. 24 Samuel tell di pipol, “Una don si di pesin wey God don choose? True-true, nobody bi like am for di whole Israel!”

All di pipol kon shaut, “Di king go stay forever!”

25 Samuel tell di pipol how di king go work. E rite evritin down for book kon put am for God present. Den Samuel sey make evribody dey go dia house.

26 Even Saul sef go en house for Gibeah. But some strong men wey God
don tosh dia heart, follow am go en house for Gibeah. 27 But some wiked pipol sey, “How dis man go fit take save us?” Dem curse am and dem nor gri kom gi-am gift. But Saul nor tok anytin.

# 11

*Saul Help Jabesh*

1 Nahash dem wey bi Ammon pipol kon mash dey go fight Jabesh pipol. All di men for Jabesh kon tell Nahash pipol, “Make wi make peace with una and wi go serve una.”

2 But Nahash pipol wey bi Ammon pipol kon ansa, “Di only way wey wi fit make peace with una, na if una agri make wi blind evribody rite eye and dis go bi disgrace for Israel pipol!”

3 Di leaders for Jabesh kon tell dem, “Make una give us seven days, so dat wi go send message go evriwhere for Israel. If nobody dey to diliver us, den wi go do as una wont.”

4 Wen di pesin wey dem send rish Gibeah (where Saul dey stay) kon tell
dem wetin dey happen, all di pipol kon bigin kry. 5 Naw, Saul just dey bring en animals kom back from farm. Wen Saul si di pipol, e kon ask, “Wetin happen? Wetin make una dey kry?” Dem kon tell am about di men for Jabesh.

6 As Saul hear dis word, God Spirit enter en body and e kon dey vex.
7 Saul kut two melu to many parts kon tell some pipol make dem karry di parts go evriwhere for Israel sey, “Anybody wey nor gri follow Saul and Samuel, make e know sey na so dem go do en melu!” Den God make fear
enter di pipol and dem kon go fight as one family. 8 Wen Saul kount all of dem for Bezek, Israel pipol na 300,000 strong men, while Judah men, na 30,000.

9 Dem kon tell di pesin wey dem send kom, “Dis na wetin yu go tell Jabesh: ‘Tumoro, una go dey save wen di sun don dey shine well-well.’ ” Wen di messenja go tell Gilead pipol di message, belle sweet dem well-well.

10 Di men for Jabesh kon tell Nahash pipol, "Tumoro, wi go kom surenda
to una and make una trit us as una like."
11 Di next day, Saul kon divide di pipol into three group. Dem go Ammon
pipol kamp for morning kon kill all of dem until aftanoon. And di pipol
wey remain, run skata go difren place.

*Dem Crown Saul*

12 Den di pipol kon tell Samuel, "Na who bi di pipol wey dey ask sey, 'So
Saul go kon rule us?' Tell us who dem bi, so dat wi go kill all of dem!"
13 But Saul ansa, "Una nor go kill anybody today. Bikos God don make
Israel pipol win!"
14 Samuel tell di pipol, "Make una kom make wi go Gilgal go crown Saul."
15 So di pipol kon go Gilgal, di place where dem for make Saul dia real king
for God present. Dem offa peace ofrin give God for der. Saul and evribody
for Israel kon dey happy.

# 12

*Samuel Message*

1 Samuel tell Israel pipol, "I don do evritin where una ask for. I don give
una king. 2 Naw, make una listin! Na dis king go lead una. I don old and
get white hair full body, but my sons dey with una. I don dey lead una
since wen I yong kon rish today. 3 Naw, as I dey here so, anybody fit tok
bad about mi before God and di king wey E choose? I don use force take
anybody animal? I don do anybody wrong? I don opress anybody? I don
take bribe from anybody hand wey make mi nor tok trut? Make una tell
mi and I go ansa una!"
4 Di pipol ansa, "Yu neva do us wrong or opress us. Yu neva take anytin
from anybody hand."
5 Samuel kon tell dem, "God and di king wey E choose na witness sey
una neva akuiz mi for any bad tin."
Di pipol ansa, "Yes! Dem bi witness!"
6 Samuel tell di pipol, "Na God choose Moses and Aaron and na en take
una grand-grand papa komot from Egypt. 7 Naw, make una stand for God
present, so dat I go remind una about all di good-good tins wey God don
do for una and una grand-grand papa.
8 "Wen Jakob enter Egypt, una grand-grand papa dem kon kry to God.
God send Moses and Aaron and dem lead dem komot from Egypt kon stay
for here.
9 "But dem forget di Oga wey bi dia God, so E give dem to Sisera wey
bi oga for Hazor sojas, den to Filistia pipol; Moab pipol king and dem kon
fight and opress Israel pipol. 10 Den Israel pipol kry to God sey, 'Wi know
sey wi don sin, bikos wi don forget Yu and wi dey serve juju and Ashtoret
image. Abeg! Make Yu kom save us from awa enemies hand and wi go
serve Yu forever.' 11 So, God send Jerub-Baal, Barak, Jeftah and Samuel
and E kon save una from una enemies.
12 "Wen una si sey King Nahash for Ammon dey kom fight una, una sey,
'No! Wi wont king', even doh na di Oga una God bi una king! 13 Naw
make una look! Na di king wey una choose bi dis; di king wey una ask for.
Si, God don give una king. 14 If una fear God kon serve and obey am and
una nor go against wetin E tok and if una and di king wey dey rule una

follow di Oga una God, den evritin go dey well with una. 15 But if una nor
obey God kon go against wetin E tok, God hand go dey against both una
and una king.

16 "So, make una stand for where una dey kon wosh di great tins wey
God go do and una go si am with una eye. 17 Abi nor bi di time to harvest
grain bi dis? I go koll God, so dat E go send betta tonda and rain kom.
Make una open una eye kon si how una don sin rish, wen una ask God for
king wey go lead una."

18 So Samuel koll God and God kon make tonda and rain fall thru-out
dat day. All di pipol kon dey fear God and Samuel.

19 Dem kon tell Samuel, "Make yu help us pray to God, so dat all of us
nor go die, bikos wi don add join awa sins, wen wi ask for king."

20 Den Samuel tell di pipol, "Make una nor fear. True-true, una don sin.
But make una nor turn from God. Make una serve God with all una heart.
21 Make una nor bigin follow tins wey nor mean anytin, tins wey una nor
go gain from or tins wey nor fit save una. 22 God nor go leave en pipol,
bikos E don make promise with una grand-grand papa. God happy to make
una en own pipol. 23 As for mi, God forbid sey I nor go dey pray for una
again, bikos dat na sin. I go tell una di tin wey dey good and wey dey
make belle sweet God. 24 Make una dey fear and serve God with all una
heart. Make una si all di wonderful tins wey E don do for una! 25 But if
una kontinue to dey do bad tins, God go distroy both una and una king."

# 13

*Saul Fail God*

1 Saul na thirty years wen e start to rule; e rule for more dan forty years.

2 Saul selet 3,000 men from Israel for ensef. 2,000 from di men, dey with
Saul for Mikmash and for Bethel kountry for di hill; while di remainin
1,000 dey with Jonatan for Gibeah for Benjamin. E kon send di rest pipol
go house.

3 Leta, Jonatan kill Filistia sojas for Gibeah and all Filistia pipol kon hear
about am. Den Saul blow trumpet take koll all di Hibru pipol make dem
kom fight. 4 Israel pipol hear sey Saul don kill Filistia sojas wey gada for
Gibeah and Filistia pipol kon hate dem. So all Israel pipol kon go join Saul
for Gilgal.

5 Filistia pipol gada to fight Israel pipol; dem get 3,000 shariot, 6,000 men
for horse and dia sojas plenty like san-san wey dey wotaside. Dem kon go
kamp for Mikmash wey dey di east side for Bet-Aven. 6 Dem attack Israel
pipol well-well and Israel sojas kon run go hide for di kaves, holes, inside
rocks, pits and wells; 7 some run cross Jordan River kon enter Gad and
Gilead aria.

Saul still dey Gilgal and di pipol wey dey with am, don dey fear. 8 E wait
Samuel for der for seven day, just as Samuel don tell am, but Samuel neva
still kom Gilgal. So di sojas kon dey run leave Saul. 9 So Saul sey, "Make
una karry di burn ofrin and di peace ofrin kom." Den e kon do burnt ofrin.
10 Wen e don do di ofrin finish, Samuel kon kom. Saul kon go outside go
greet am.

11 But Samuel sey, "Wetin yu don do so?"

Saul ansa, "Wen I si sey di sojas don dey run leave mi and yu neva kom
for di time wey yu suppose kom and I hear sey Filistia pipol don gada for

Mikmash, 12 I kon sey, 'Filistia pipol go kom meet mi for Gilgal and I neva ask God make E favor us.' So I kon do di ofrin."
13 Den Samuel tell Saul, "Na foolish tin yu don do so o-o! Yu nor obey di kommandment wey di Oga yor God give yu. If to sey yu obey, God for make yu king for Israel forever. 14 But naw, yor kingdom go end. Bikos yu nor obey am; God go fine di kind pesin wey E wont kon make am king wey go rule en pipol."
15 Den Samuel go Gilgal and from der to Gibeah for Benjamin. Saul shek di sojas wey still dey with am and dem bi like six hundred.
16 So Saul, en pikin Jonatan and di sojas wey dey with am kon kamp for Gibeah for Benjamin, while Filistia pipol kamp for Mikmash. 17 Filistia sojas divide dia kamp into three group. One group face di road wey dem dey pass go Ofrah for Shual land; 18 anoda group face di road wey go Bet-Horon and di last group kon dey waka go di road wey go di borda where dem for dey si Zeboim Valley for di desert side.
19 E nor get anybody wey fit do iron work for Israel, bikos Filistia pipol nor wont make Israel pipol dey make swods and spears. 20 So wen Israel pipol wont sharpen or do any knife, den must go do am for Filistia pipol land. 21 Di money wey dem dey pay na one koin to sharpen axe and ripair shepad stik, den two koin to sharpen big and small hoes.
22 So wen di war start, na only Saul and en pikin get swod and spear, no oda soja for Israel karry swod or spear.

### *Jonatan Start Di Fight*

23 Filistia pipol kon send some sojas make dem go block Mikmash road.

## 14

1 One day, Saul pikin, Jonatan kon tell en savant wey dey karry en tins, "Make wi go Filistia sojas kamp wey dey di oda side." But e nor let en papa know.
2 Saul sidan for outside for Gibeah under one tree wey en fruit bi like gold for Migron. Di sojas wey dey with am na about six hundred. 3 (Di priest wey wear di priest garment na Ahijah wey bi Ahitub broda Ikabod pikin and na Finehas wey Eli di priest for Shiloh born, na-im bi Ahitub papa.) Di men nor know sey Jonatan don leave dem.
4 For Mikmash road wey Jonatan must pass before e rish Filistia sojas kamp, two big rock dey der for each side: dem dey koll one Bozez and di oda one na Seneh. 5 Di rock wey face nort dey near Mikmash and di oda one wey dey sout dey near Gibeah.
6 Jonatan kon tell en savant, "Kom make wi go di oda side go meet all dis men wey dem nor sekonsaiz. May bi God fit fight for us. Nor-tin go fit stop God to save us, weda dem many or small."
7 Di savant ansa, "Make yu do evritin wey dey yor mind. Do as yor mind dey tell yu. I dey with yu go rish di end."
8 Jonatan kon sey, "Okay! Wi go-go fight doz men. 9 If dem sey, 'Make una wait, wi dey kom meet una', wi go stay for der until dem kom. 10 But if dem sey, 'Make una kom', wi go-go meet dem. Bikos like dat, wi go know sey God go help us and na dis go bi di sign to us."
11 Wen Jonatan and en savant kon let Filistia sojas know sey dem dey around, Filistia pipol kon sey, "Si! Hibru pipol dey kom out from di hole wey dem hide put." 12 Den Filistia sojas wey dey for Mikmash road kon

tell Jonatan and en savant, “Make una kom meet us, so dat wi go show
una pepper!”
Den Jonatan kon tell en savant, “Make yu follow mi for back, bikos God
don give dis men to Israel!”
13 Jonatan and en savant kon waka go with dia belle for groun. E attack
all Filistia sojas for der and en and en savant kon kill dem. 14 For di first
fight, Jonatan and en savant kill about twenty men and di aria big rish
half-akar land.
15 Den fear kon katch di remainin Filistia sojas wey dey di kamp, field
and evriwhere. Dem fear and di eart kon dey shake. Na God kause dis
fear.
16 Saul men wey dey wosh for Gibeah for Benjamin kon si as all Filistia
sojas dey run anyhow. 17 So Saul kon tell di soja wey dey with am, “Gada
evribody make wi si who nor dey here with us.” Wen dem gada di sojas,
Jonatan and en savant nor dey der.
18 So Saul tell Profet Ahijah, “Go bring di efod kom here.” (Bikos for dat
day, Ahijah karry am for di sojas front.) 19 As Saul dey tok to di priest,
di fear for Filistia pipol kamp dey strong more-more. So Saul kon tell di
priest, “Time nor dey to ask God!”
20 Den en and en men kon mash dey go fight Filistia pipol wey don dey
fear and kill each oda with swod. 21 Hibru pipol wey don first go fight
Filistia pipol before, kom out kon join Israel pipol wey dey with Saul and
Jonatan. 22 Wen all Israel pipol wey dey hide for Efraim kountry for hill
hear sey Filistia pipol dey run, demsef kon kom out bigin porshu dem. 23 So
God kon save Israel pipol dat day and di fight kontinue go rish Bet-Aven.

### *Jonatan Go Against En Papa*

24 Naw, di men for Israel don dey hongry, bikos Saul make dem swear
sey: “E nor go betta for any man wey go chop food before evening! Make
nobody chop anytin until I don revensh my enemies!”
So nobody chop anytin 25 even doh sey dem si honey full groun wen dem
enter di forest. 26 Di honey dey rush like wota, but nobody try to chop from
am, bikos dem dey fear di swear wey dem make. 27 But Jonatan nor hear
about di swear wey en papa and di sojas swear. E kon take di rod wey dey
en hand take pak di honey. Wen e chop am, en body kon fresh. 28 Den
one soja kon tell am, “Yor papa make all di sojas dem swear sey, ‘E nor go
betta for any man wey go chop food today!’ Dis na why di sojas dem don
taya.”
29 Den Jonatan ansa, “My papa don kause wahala for di land. Si as my
body just fresh wen I taste only small for di honey. 30 True-true, if to sey
di sojas chop some for Filistia pipol food, yu nor know sey wi for fit kill
dem well-well?”
31 Dat day Israel sojas kill Filistia pipol from Mikmash go rish Aijalon and
dem kon taya. 32 So di sojas kon rush with honga, bigin kill both sheep,
kattle and melu. Dem kill dem kon chop di animal, di blood and evritin.
33 So dem kon tell Saul wetin dey happen, “Si, di sojas don sin against God
as dem dey chop evritin plus blood sef.”
Saul kon sey, “All of una don break di kovenant! So make una roll one
big stone kom here.” 34 Den e kon kommand: “Make una go tell di pipol
make all of dem bring dia animals kom here. Dem go kill-am chop for my
front; but make dem nor chop di blood, so dat God nor go vex for dem.” So

for dat nite, all of dem kon bring dia animal kill and chop for der. 35 Den
Saul build one altar for God and dis na di first time wen e dey build altar
for God.
36 Saul kon sey, “Make wi go porshu Filistia pipol for nite; wi go kill dem
until day go break and make wi nor sorry for anybody.”

Di sojas ansa, “Make yu do wetin yu like.”

But di priest kon sey, “Make wi ask God first for here.”

37 So Saul ask God, “Make wi porshu Filistia pipol? Yu go give dem to
us?” But God nor ansa am dat day.
38 Den Saul sey, “Una wey bi di sojas oga, make una kom. Make una find
out who make di pipol sin today. 39 Bikos as long as God wey save Israel
dey alive, even if na Jonatan my pikin kause am, e must die today!” But
nobody for di sojas tok anytin.
40 Den e kon tell di sojas, “Una go dey dis side, why mi and my pikin
Jonatan go dey di oda side.”

Di sojas ansa Saul, “Make yu do wetin yu know sey dey good.”

41 Den Saul sey, “My Oga wey bi Israel God! Wetin make Yu neva ansa
mi today? Ansa mi with di holy stone. If na mi or my pikin kause dis sin,
den make Yu ansa by Urim; but if na yor pipol kause am, make Yu ansa by
Tummim.” Den God pick Saul and en pikin thru dice wey dem trow and
Israel pipol kon dey save. 42 Den Saul kon sey, “Make una trow di dice for
mi and my pikin.” Wen dem trow am, e kon katch Jonatan.
43 So Saul tell Jonatan, “Tell mi wetin yu do.”

Jonatan kon tell am, “I use my rod take taste small for di honey. I must die!”

44 Saul kon sey, “Make God ponish mi well-well, if I nor kill Jonatan!”
45 But di sojas sey, “Make Jonatan wey win dis war for Israel, die? E
nor go ever happen! As long as God dey alive, one hair for Jonatan head
nor go even fall rish groun! Bikos na with God help, e take do wetin e do
today.” So di sojas nor let dem kill Jonatan.
46 Den Saul stop to porshu Filistia pipol and dem kon go back to dia
house.
47 Afta Saul don bikom Israel king, e fight all dia enemies wey dey round
dem wey bi: Moab, Ammon and Edom pipol, Zobah king and Filistia pipol.
Anywhere e for go fight, God dey make am win. 48 E do great tins kon kill
all Amalek pipol, den save Israel pipol from dia enemies hand.

### *Saul Family*

49 Saul pikin dem name na Jonatan, Ishvi and Malki-Shua. E get two
girls; di senior one na Merab, while di yonga one na Mikal. 50 Saul wife
name na Ahinoam wey bi Ahimaaz pikin. Di oga for Saul sojas na Abner
wey bi Ner pikin and Ner na Saul papa broda. 51 Na Abiel born Kish wey
bi Saul papa and Ner wey bi Abner papa.
52 All di time wen Saul dey alive, e always dey fight with Filistia pipol.
So wen ever Saul si pesin wey strong and get mind, e go add am join en
sojas.

## 15

### *God Rijet Saul*

1 Den, Samuel kon tell Saul, “Na mi God send make e make yu king ova
en pipol, Israel. Naw make yu listin to wetin God dey tok. 2 Dis na wetin
God wey dey heaven dey tok: ‘I si as Amalek pipol dey trobol Israel pipol,
wen dem dey kom out from Egypt. 3 So make yu go kill Amalek pipol. Yu
go distroy evritin wey dem get. Nor leave anybody or anytin. Kill evribody
both man, woman, yong pikin, melu, sheep, kamel and donkey.’ ”

4 So Saul gada en sojas kon kount dem for Telaim: Dem bi 200,000 sojas
wey dey waka with leg and 10,000 men from Judah. 5 Saul kon go Amalek
town, where e for hide en sojas for one river wey don dry. 6 Saul tell
Kenite dem (Pipol wey dia grand-grand papa dey nice to Israel pipol) wey
dey stay with Amalek pipol sey, “Make una komot from der, if not I go kill
una join dis pipol!” So Ken pipol kon komot from der.

7 Den Saul kill Amalek pipol from Havilah go rish Shur wey dey near
Egypt. 8 E katch Agag, wey bi Amalek pipol king, but e kill all en pipol
with swod. 9 Saul and en sojas nor kill king Agag and dem nor distroy
di betta tins and animals. Dem nor kill all di animals, but dem kill and
distroy di tins wey nor good for di town.

10 Den God tell Samuel, 11 “I dey regret sey I make Saul king, bikos e
don turn from mi and e nor do wetin I sey make e do.” Samuel kon vex
well-well and e pray to God till day break.

12 Den Samuel stand up wen day neva break well-well kon go meet Saul.
But dem tell Samuel sey, “Saul don go Karmel where e dey build image for
ensef. Den Samuel go Gilgal.”

13 Wen Samuel meet Saul, Saul kon sey, “Make God bless yu! I don do
wetin God tok.”

14 Samuel kon sey, “If na so e bi, wetin kon bi doz sheep and kattle nois
wey I dey hear?”

15 Saul ansa, “I bring dem kom from Amalek; di sojas keep di best for di
animals, so dat dem go sakrifice am to God. But wi kill evry oda tin.”

16 Den Samuel tell Saul, “Wait first! Make I tell yu wetin God tok yestiday
nite.”

Saul kon sey, “Make yu tell mi.”

17 Samuel sey, “Even doh yu feel sey yu nor dey important, yu still bikom
God pipol king. Na God choose yu as king ova en pipol. 18 God send and
tell yu sey, ‘Go kill all doz wiked Amalek pipol! Fight dem until yu don
distroy all of dem.’ 19 But, wetin make yu nor obey God? Wetin make yu
pak some tins kom? Naw make yu know sey yu nor obey God and E dey
vex for yu.”

20 Den Saul tell Samuel, “But I don obey God! I go as E send mi. I bring
Amalek king, Agag kom back, afta I don kill all of dem finish. 21 But di
sojas take some for di best animals and tins, so dat dem go sakrifice am to
di Oga yor God for Gilgal.”

22 Den Samuel sey,
“Na wish one God like pass:
to obey am or to offa ofrin and sakrifice?
E betta to obey dan to sakrifice
di best sheep gi-am.
23 Bikos to go against am, bi like wen pesin chop witch
and to dey show sturbon head, bi like wen yu dey woship juju.
So bikos yu don rijet di word wey God tell yu,

en ensef don rijet yu as king."
24 Den Saul kon tell Samuel, "I don sin, bikos I nor obey God kommand
and wetin yu tok. Bikos I dey fear di sojas, I kon follow wetin dem tok.
25 Naw! Abeg make yu forgive mi. Follow mi go, so dat I go-go woship
God."
26 But Samuel tell Saul, "I nor go-go with yu, bikos yu don rijet wetin
God tok and God don rijet yu as king ova en pipol, Israel."
27 Wen Samuel turn make e dey go, Saul kon try to hold en klot korna
and di klot korna kon tear komot. 28 So, Samuel kon tell am, "God don tear
Israel kingdom komot from yor hand today and E don gi-am to pesin wey
betta pass yu! 29 God wey get Israel must do wetin E tok and E nor dey
shange en mind, bikos E nor bi human being wey dey shange mind."
30 Saul ansa again, "I know sey I don sin, but make yu nor disgrace mi
before all dis pipol. Abeg, follow mi make wi go woship di Oga wey bi yor
God." 31 So, Samuel follow Saul go and Saul kon woship God.

### *Samuel Kill King Agag*

32 Den Samuel sey, "Make una bring Amalek king, Agag, kom meet mi."
So dem bring Agag kom as e dey shake and e dey tink for en mind sey,
"True-true, deat know sweet at-all!"
33 Samuel kon sey,
"Just as yor swod kill pipol shidren
kon make some wimen nor get pikin again,
na so yor mama nor go ever get pikin again."
Den Samuel kut Agag to pieces for God present for Gilgal.
34 Samuel kon go Rama, while Saul go en house for Gibeah. 35 Until di
day wen Samuel die, Saul nor si am again. Samuel really sorry for Saul,
but God regret sey E make Saul king ova Israel, en pipol.

## 16

### *Samuel Anoint David*

1 God tell Samuel, "Na how long yu won to dey sorry for Saul? I don rijet am as Israel king. So put olive oil for yor horn make yu dey go. I dey send yu go meet Jesse for Betlehem, bikos I don choose my king from among en sons."
2 Samuel ansa, "How I won take go? Saul go hear about am kon kill mi!"
But God sey, "Take one small animal follow body kon sey, 'I don kom
sakrifice give God.' 3 Den invite Jesse kom di sakrifice and I go show yu
wetin yu go do. Yu go anoint di pesin wey I go choose."
4 Samuel kon do as God sey make e do. Wen e rish Betlehem, di eldas for di town dey fear to go meet am. So dem kon sey, "Hope yu kom with peace?"
5 Samuel ansa dem, "Yes! Na peace I bring kom. I won give God sakrifice." So e santify Jesse and en pikin kon invite dem kom di sakrifice.
6 Wen den rish der, Samuel si Eliab kon sey, "True-true, na who God choose bi dis!"
7 But God tell Samuel, "Make yu nor happy, bikos of how en face look, bikos nor bi en I choose. God nor dey si tins di way una dey si am. Pipol dey look pipol from how dem bi for outside, but God dey look pipol from how dem bi for dia heart."

8 Den Jesse koll Abinadab kom meet Samuel. But Samuel sey, “God nor
choose dis one too.” 9 Den Jesse koll Shammah. But Samuel sey, “God nor
choose dis one too.” 10 Jesse show Samuel en seven boys. But Samuel kon
tell Jesse, “God nor choose any of dis ones.” 11 Samuel kon sey, “Dis na all
di boys wey yu get?”

Jesse ansa, “E still get di one wey small pass. E dey kare for di animals.”

Den Samuel tell Jesse, “Make yu send pesin go koll am kom, bikos wi
nor go fit do anytin until e kom here.”

12 So Jesse send for am. Di boy fine well-well, e strong and get fine eyes.

God kon tell Samuel, “Na en bi dis! Make yu go anoint am!”

13 So Samuel take di horn wey olive oil full kon anoint di boy for en
brodas front. God Spirit kon enter David body from dat day go. Den
Samuel kon go Rama.

### *David For Saul Front*

14 Naw, God Spirit don komot from Saul body and God kon send one
wiked spirit make e dey ponish am.

15 Den Saul savant kon tell am, “Oga, si, one wiked spirit from God dey
ponish yu! 16 Make awa oga tell wi yor savant make wi look for anybody
wey sabi play jita. Den wen ever di wiked spirit kom from God kon enter
yu, e go play di jita and yu go kon dey okay.”

17 So Saul tell en savants, “Make una fine one man wey sabi play di jita
kom meet mi.”

18 One of en savant kon sey, “I don si one of Jesse pikin wey dey Betlehem
wey know how to play di jita. E dey strong and e get mind; e know book
and e fine well-well, bikos God dey with am.”

19 So Saul kon send pipol go meet Jesse sey, “David, yor pikin wey dey
kare for di sheep, make yu send am kom meet mi.” 20 So Jesse load one
donkey with bread, one kontaina wey get wine and one goat kon send dem
with en pikin David, go meet Saul.

21 David meet Saul kon stand for en front. Saul like am well-well, so
David kon dey karry en swod. 22 Den Saul send pipol go tell Jesse sey,
“Make David bi my savant, bikos I like am.”

23 So wen ever di spirit from God enter Saul, David go play music for
am. Dis go make Saul dey okay and di wiked spirit go leave am.

# 17

### *David Kill Goliat*

1 Filistia pipol gada dia sojas to go fight. Dem gada for Soko wey dey
Judah. Dia kamp dey for Efes-Dammim wey dey between Sokoh and Azeka.
2 Saul and Israel men kamp for Ela Valley where dem for dey ready to go
fight Filistia pipol. 3 Filistia pipol stand for one side, while Israel pipol dey
di oda side and na di valley separate dem.

4 Den di champion for Filistia pipol kamp kon kom out. En name na
Goliat and e kom from Gat. E tall rish seven fit. 5 E wear bronze helmet
for head and e wear iron koat wey heavy rish one hundred and twenty-
five pounds. 6 Wetin e take protet en leg na bronze and di spear wey dey
en shoulder na bronze too. 7 En spear mout tick well-well and di iron
heavy rish fifteen pounds. Di pesin wey dey karry en shield, dey waka for
en front.

8 E stand kon shaut for Israel pipol, “Wetin una dey do for der? Make
una kom out kon fight? I bi Filistia pesin and una na Saul savants. Make
una choose one of una man make e kon fight mi. 9 If e fight kon win mi, wi
go bi una savants. But if I win and kill-am, una go bikom awa savant kon
serve us.” 10 Den e kon sey, “I dey shalenge Israel sojas today sey, ‘Make
una pick one pesin, make e kon fight mi!’ ” 11 Wen Saul and Israel pipol
hear wetin di Filistia man tok, dem vex well-well and fear kon dey katch
dem.

12 Naw, David na one Efrat man pikin and di man kom from Betlehem
for Judah and en name na Jesse. Di man get eight boys and wen Saul dey
rule, di man don old well-well. 13 Jesse three first boys don follow Saul go
di war and dia names na, Eliab wey bi di first-born, sekond to Abinadab
and Shammah wey bi di third. 14 Na David bi di last born among en papa
sons, while di first three shidren dey follow Saul. 15 David dey go kom back
from Saul palis, so dat e go fit take kare of en papa sheep for Betlehem.

16 So for forty days, di Filistia man dey kom out evry morning and
evening dey shaut.

17 So one day, Jesse kon tell David, “Make yu take dis korn wey dem roast
and ten bread go give yor brodas. 18 Den give dia oga dis biscuits. Make
yu find out how yor brodas dey, den kom back kon tell mi weda dem get
evritin wey I dey send yu go give dem. 19 Dem dey with Saul and Israel
men wey won fight Filistia pipol for Ela Valley.”

20 So David get up before day break kon give en papa animal to pesin
make e guide dem. Afta e don pak evritin, e kon go just as Jesse tell am.
E rish di kamp as di sojas dey go di war front and dem dey sing war
song. 21 Israel pipol and Filistia pipol stand opposite each oda and dem
dey ready to fight. 22 Afta David don give wetin e karry kom to di pesin
wey dey divide tins give di sojas, e kon run go di war front. Wen e rish
der, e kon ask en brodas, how una dey? 23 As e dey tok to dem, Goliat di
Filistia champion wey kom from Gat kon kom out from Filistia pipol side.
E tok as e always dey do and David kon hear am. 24 Wen Israel men si
Goliat, dem go hide, bikos of fear.

25 Di men for Israel kon sey, “Yu si dis man wey dey kom out always?
E dey do like dis to shalenge all Israel. But awa king don sey, ‘Anybody
wey go fit kill di man, e go gi-am money and en dota make e marry and
di pesin papa house nor go dey pay tax again.’ ”

26 David ask di men wey stand near am, “Na wetin dem go do for di
man wey go kill dis Filistia man kon free Israel from shame? Bikos who bi
dis Filistia man wey nor sekonsaiz, wey dey shalenge God wey dey alive,
sojas?”

27 Di sojas kon tell am wetin di king promise, “Dis na wetin I go do for
di man wey go kill Goliat.”

28 Wen en senior broda Eliab hear am dey tok to di men, e kon vex tell
David, “Wetin make yu kom der? Na who yu sey make e guide doz sheep
for di desert? I know sey yu like to show yorsef! Yu just kom here to wosh
di fight!”

29 David ansa am, “Wetin I don do naw? I nor go fit tok anytin again?”
30 Den, David waka komot der kon go ask anoda pesin di same kweshon,

but dem gi-am di same ansa. 31 Wen dem hear wetin David tok, dem kon
tell Saul. So Saul kon koll David.

32 David tell Saul, “Nor let anybody mind fail am. Yor savant go-go fight
dis Filistia man!” 33 But Saul ansa David, “Yu nor go fit fight dis Filistia
man, bikos e don tey wen dis man don dey fight and yu still small!”

34 David ansa Saul, “Yor savant dey guide animal for en papa. Wen ever
lion or bear or wild animals kon karry one sheep from di odas, 35 I go
porshu di animal, nak am fall kon save di sheep from en mout. If e stand
up won fight, I go hold en neck, nak and kill-am. 36 Yor savant don kill
both lion and bear. Dis Filistia man wey dem nor sekonsaiz go bi like one
of dem. Bikos e don shalenge God wey dey alive sojas!” 37 David still sey,
“God wey diliver mi from di lion and di bear, go still diliver mi from dis
Filistia man hand!”

Den Saul kon tell David, “Make yu go fight am and make God dey with yu.”

38 Den Saul wear wetin e take dey fight put for David body kon put en
bronze helmet for en head. E still put iron shirt for en body. 39 David put
en swod for di tins wey e wear to go fight and e kon try to waka, but e nor
fit waka, bikos e nor dey use dem before.

David kon tell Saul, “I nor fit waka with dis tins, bikos I neva use dem
before.” So David kon remove dem. 40 David karry en stik for en hand
kon pick five good stone from di stream, den e put dem for en animal bag.
E take en katapault kon dey go meet di Filistia man.

41 Di Filistia man with di pesin wey karry en swod kon dey waka kom
meet David. 42 Wen di Filistia man near David, e kon vex well-well, bikos
na small and fine boy e bi. 43 Di Filistia man tell David, “I bi dog wey yu
dey kom meet with stik?” Di Filistia man kon use en juju name take curse
David. 44 E tell am, “Kom meet mi, so dat I go give yor flesh to di birds for
sky and wild animals for di field, make dem chop.”

45 But David ansa am, “Yu dey kom meet mi with swod, spear and javelin.
But I dey kom meet yu with di name of di Oga wey bi God of all ogas; Israel
sojas God wey yu dey shalenge. 46 Today, God go give yu to mi. I go kill yu
for groun kon kut yor head komot. I go give yor dead body to di bird for
di sky and di wild animals for di land. Den all di land go know sey Israel
pipol get betta God 47 and evribody for here go know sey nor bi by swod
or spear, God dey take save pesin. Bikos na God get di fight and E go give
yu to us.”

48 Goliat kon waka dey kom meet David, so dat e go attack am, den David
kwik-kwik run go front go attack Goliat. 49 David put en hand inside di bag
kon take one stone. E put am for di katapault kon shot di Filistia man for
en head. Di stone enter en fore head well-well and e kon fall face groun.

50 David win di Filistia man with di katapault and stone. E shot di Filistia
man fall kon kill-am. David nor even get swod for en hand.

51 So e run go stand near di Filistia man kon take en swod take kill-am,
den e kut en head komot with di swod.

Wen Filistia pipol si sey dia champion don die, dem kon bigin run. 52 Den
di men for Israel and Judah kon bigin sing war song. Dem porshu Filistia
pipol go rish di valley and Ekron gate. Di Filistia man dead body dey groun
for Shaaraim road wey dem dey pass go Gat and Ekron. 53 Wen Israel sojas

kom back, dem kon karry evritin for Filistia pipol kamp. 54 David take
Goliat head go Jerusalem and e put Goliat swod for di tent.
55 As Saul dey wosh David dey go fight di Filistia man, e kon ask Abner
wey bi di sojas oga sey, "Abner! Na wish pesin pikin bi dis sef?"
Abner ansa, "My king, I nor know."
56 Di king kon sey, "Make yu go find out wish pesin pikin e bi?"
57 So wen David kom back afta e don kill di Filistia man, Abner kon take
am go meet Saul. David still hold Goliat head for en hand.
58 Saul ask am, "My pikin! Na wish pesin pikin yu bi? Who bi yor papa?"
David ansa, "Jesse wey bi yor savant wey kom from Betlehem, naim bi
my papa."

# 18

### *Saul Dey Fear David*

1 Wen David don tok to Saul finish, en and Jonatan kon turn tait friend.
Jonatan like David as e like ensef. 2 Dat day, Saul take David and e nor let
am go house go meet en papa. 3 Jonatan kon make kovenant with David,
bikos e love am as e love en own life. 4 Jonatan remove di gown wey e
wear kon gi-am to David, plus en gear, en swod, en bow and even en belt.
5 Anytin wey Saul send David go do, e dey do am well with sense. So
Saul kon make am oga ova di sojas. Dis tin kon make belle sweet di sojas
and even Saul savants.
6 Wen dem kom back afta David don kill Filistia pipol, di wimen for di
town kom out kon dey sing, dey dance go meet King Saul. Dem dey happy
as dem dey play dia instruments dey kom. 7 Di wimen wey dey play di
music kon dey sing sey,
"Saul kill 1,000,
but David don kill tazon times tazon pipol."
8 Dis tin kon make Saul dey vex. E nor like di word wey di wimen dey
tok and e kon tink for en mind sey, "Dem dey sey David don kill tazon
times tazon pipol, but mi, only 1,000. Wetin e nor get escept di kingdom?"
9 So Saul kon dey look David one kind from dat day go.
10 Di next day, one wiked spirit from God enter Saul and e kon dey tok
for inside di house. So David dey play di jita for am. E get one spear wey
dey Saul hand, 11 den Saul trow di spear, bikos e tink for en mind sey, "I
go nail David for di wall!" But David dodge am two difren times.
12 So Saul kon dey fear David, bikos God Spirit wey don komot from am,
dey with David. 13 Saul sey make David komot en present, but e still make
am di sojas oga. David dey karry di sojas go war and bring dem back.
14 David dey use sense take do evritin wey Saul send am, bikos God dey
with am. 15 Wen Saul si as David wise rish, e kon dey fear am. 16 But
evribody for Israel and Judah like David, bikos na en dey take dem go war
and bring dem back.
17 Den Saul tell David, "Na my senior girl bi dis, en name na Merab. I
wont make yu marry am. I just wont make yu dey strong for mi and fight
God war." Bikos Saul tink sey, "No nid for mi to kill-am, make Filistia pipol
kill-am!"
18 David kon tell Saul, "Who I bi? Who bi my family or my papa tribe
for Israel wen I go kom bi di king in-law?" 19 Wen di time rish wen dem

won give Saul pikin, Merab to David, dem kon give di girl to Adriel wey kom from Meholah.
20 Mikal wey bi Saul pikin, like David. Wen dem tell Saul wetin dey
happen, en belle kon sweet am. 21 Saul kon sey, "I go give Mikal to David,
so dat Mikal go bi trap for am and Filistia pipol go kill-am." So Saul tell David, "Today, na di sekond time for yu to bi my in-law."
22 Den Saul tell en savant, "Make yu use brain tell David for korna sey, 'Di King dey happy with yu and all en savants like yu. So make yu marry di king pikin.' "
23 So Saul savant go tell David wetin di king tell am make e do. David ansa, "Na betta honor to marry di king pikin. Di honor too mush for pesin like mi wey nor bi anytin!"
24 Wen Saul savants tell am wetin David tok, 25 Saul kon sey, "Dis na
wetin una go tell David: 'Di king nor wont money for di girl; di only tin wey e wont na hundred Filistia pipol skin, so dat e go pay en enemies back for di tins wey dem don kause.' " (Naw, Saul bilive sey David nor go survive dis one.)
26 So en savants tell David and David gri sey e go marry di king pikin.
Naw, di time wey di king give David neva pass, 27 den David with en men
go fight kon kill two hundred Filistia pipol. David take dia skin go give Saul, so dat e go fit marry di king pikin. So Saul give en pikin Mikal to David make e marry.
28 Wen Saul know sey God dey with David and en pikin Mikal love David
well-well, 29 e kon dey fear David more-more and from dat day go, Saul kon hate David more-more.
30 Anytin time Filistia oga karry dia sojas kon fight, David dey win dem pass any oda Saul savants. Bikos of dis, pipol kon know David well-well.

# 19

*Saul Try To Kill David*

1 Den Saul tell en pikin Jonatan and all en savants sey make dem kill
David. But Saul pikin Jonatan like David well-well. 2 So e kon tell David,
"My papa dey try to kill yu. So make yu take kare as yu dey waka for
morning and find somewhere go hide and make yu stay der alone. 3 I go-
go meet my papa for di field where yu dey kon ask about yu. Wen e tell mi di problem, I go kom tell yu."
4 So Jonatan tok to en papa about David, "Make di king nor sin against en savant David, bikos e neva sin against di king. To tink am sef, David
don really help di king. 5 E risk en life wen e fight and kill Filistia pipol.
God win big viktory for Israel pipol. Wen yu si and hear am, yu yorsef kon dey happy. So wetin go make yu won sin against pesin wey nor do any bad tin? Wetin go make yu won kill David yor savant for no rizin?"
6 Saul gri with en pikin Jonatan kon swear sey, "As long as God dey alive, nobody go kill David."
7 Den Jonatan bring David kon meet Saul and di boy kon dey serve am as e dey do before.
8 War kon start again. So David kon go fight Filistia pipol. E win dem well-well and di remainin ones, run from am.
9 Den one wiked spirit from God kon enter Saul again. E sidan for en
house with en spear for en hand, while David dey play di jita. 10 Saul kon

try to nail David for di wall with en spear, but David dodge komot from Saul front and di spear kon pin for di wall. David kwik-kwik run go hide dat nite.
11 Saul send pipol go guide David house and make dem kill-am wen day break. Den David wife, Mikal tell David, "If yu nor save yorsef dis nite, by dis time tumoro, yu go don bikom dead body!"
12 So di woman help David pass thru window and e kon run.
13 Den Mikal take one doll-baby for di house kon put am for bed. E put goat hair for di doll-baby head kon kover am with klot.
14 Wen Saul send pipol make dem go arrest David kom, Mikal kon tell dem, "David nor well."
15 Den Saul send pipol go back sey, "Make una karry am kom like dat, so dat I go kill-am with my hand."
16 Wen di pipol rish der, dem kon si only di doll-baby for di bed wey dem put goat hair for en head.
17 So, Saul tell Mikal, "Wetin make yu deceive mi like dis kon make my enemy run? Naw, e don eskape."

Mikal kon ansa, "E sey, 'If yu nor help mi run, I go kill yu before yor papa kill mi.' "
18 Naw, David don run go hide. E run go meet Samuel for Rama kon tell am evritin wey Saul do am. Den en and Samuel kon go stay Naiot.
19 Dem kon tell Saul sey, "David dey Naiot for Rama."
20 So Saul send men go katch David kom. Wen di men si some profet dey tok wetin go happen with Samuel as dia leaders, God Spirit kon enter dem and demsef kon dey tok like di profets.
21 Wen Saul hear wetin happen to en men, e kon send anoda set go, but di same tin happen to dem too. So e send di third set go and dem kon join di rest dey tok like di profets.
22 Den Saul kon go Rama by ensef. Wen e rish di big well for Seku, e kon ask, "Where Samuel and David dey?"

Dem ansa am, "Dem dey for Naiot wey dey Rama."
23 So Saul go Naiot for Rama. God Spirit kon enter en body and e kon bigin tok wetin go happen as e dey waka till e rish Naiot for Rama.
24 E even tear en klot komot from en body kon dey tell Samuel wetin go happen. E sleep naked for der from morning till di next day. Na dis tin make pipol dey ask weda, "Saul sef don bi profet?"

# 20

### *Jonatan Protet David*

1 David run go Naiot for Rama. E go meet Jonatan kon ask am, "Na wetin I do? Na wish bad tin I do? Na how I take sin against yor papa? Bikos e won kill mi!"
2 Jonatan ansa am, "Nor-tin go fit kill yu! My papa nor go fit do anytin escept e tell mi first. Wetin make my papa nor gri tell mi about dis matter? E nor go fit happen!"
3 But David sey, "Yor papa know how yu like mi well-well and e don gri for en mind sey, 'Make I nor let Jonatan know about dis matter, bikos if e know, e nor go dey happy!' But as long as God dey alive, na small tin make mi neva die!"
4 Jonatan ansa David, "Tell mi wetin yu wont make I do for yu."
5 David ansa, "Tumoro na new moon and I suppose dey with di king for evening food. I go-go hide for di field for like three evening.
6 If yor

papa notis sey I nor dey di tabol, make yu tell am sey, 'I beg yu make I go
Betlehem, bikos di time wey di whole family dey sakrifice evry year, don
rish.' 7 If yor papa kon sey, 'No wahala,' den make yu know sey I dey save.
But if e vex, make yu know sey e won kill mi. 8 Abeg, make yu do dis favor
for mi, bikos yu don promise yor savant with God name. If I do wrong, na
yu go kill mi my yorsef! Wetin go make yu take mi go meet yor papa?"

9 Jonatan kon ansa, "Make yu nor even tink like dat! If to sey I know
since sey my papa won kill yu, nor bi mi go first tell yu about am?"

10 David kon tell Jonatan, "Who go kom tell mi if yor papa nor ansa yu
well?"

11 Jonatan ansa David, "Kom make wi go di field."

Wen dem two dey go di field, 12 Jonatan tell David, "Di Oga wey bi Israel
God na my witness. I go tell my papa dis tin for di day afta tumoro. If
wetin e tok favor David, I nor go send word kon give yu? 13 But if really
sey my papa get mind to kill yu, make God do all dis tin and many more
to Jonatan if I nor kon tell yu, so dat yu go run go hide. Make God dey
with yu, as E bin dey with my papa. 14 As long as I dey, make yu keep yor
promise to mi, but if I die, 15 make yu show di same love wey yu get for
mi to my family forever. Wen God don kill all yor enemies finish, 16 make
awa promise to each oda nor break. If e break, God go ponish yu."

So Jonatan kon enter kovenant with David family. 17 Jonatan still swear
again with David, bikos e love am. Jonatan love David as e love en own
life.

18 Jonatan tell David, "Tumoro na new moon and I go miss yu, bikos yor
seat go dey empty. 19 For di third day, yu go-go stay for di place where yu
first hide put wen all dis tins start. Make yu stay near Ezel Stone. 20 I go
shot three arrow near am like sey I dey target sometin. 21 I go send one
boy sey, 'Go find di arrow.' If I tell di boy sey, 'Si, di arrow dem dey dis
side, go find dem,' den make yu kom. Bikos as long as God dey alive, yu
go dey save from all di wahala. 22 But if I tell di boy, 'Si, di arrow dem dey
di oda side', den make yu run go. Dat mean sey God don sey make yu run.
23 Koncerning di tin wey mi and yu tok, God na awa witness forever!"

24 So David kon hide for di field. Wen di new moon kom out, di king
kon sidan to chop en food. 25 Di king sidan for where e dey sidan before
near di wall, den Jonatan sidan face am and Abner sidan for en side. But
David chair dey empty. 26 Dat day, Saul nor tok anytin about am, bikos e
tink sey sometin don happen wey make David nor dey okay to kom chop
di food. 27 But di next morning for di sekond day for di new moon, David
seat still dey empty. So Saul kon tell en pikin Jonatan, "Wetin make Jesse
pikin neva kom chop for dis tabol? E nor kom yestiday and e nor dey here
today."

28 Jonatan ansa en papa, "David ask mi make I let am go Betlehem. 29 E
sey, 'Abeg, make yu let mi go, bikos wi get family sakrifice for di town and
my brodas sey make I dey der. So if yu bi my friend, make yu let mi go.'
Na dis make am nor dey di king tabol."

30 Saul vex well-well with Jonatan den e kon tell am, "Yu nor get papa!
Na naw I know sey yu dey support David and yu dey disgrace yorsef and
yor mama! 31 Yu nor know sey as long as David dey alive, yu nor go ever
bi king for Israel? Naw, make yu go bring am kom here, bikos e must die!"

32 Jonatan kon ask en papa, “Wetin go make am die? Wetin e do wey go
make dem kill-am?” 33 Den Saul trow en spear face Jonatan, so dat e go
pin am for groun. Den Jonatan kon know sey en papa won kill David.
34 Jonatan stand up from di tabol with vexnashon and dat day, e nor
chop anytin, bikos e dey vex sey en papa won kill David.
35 Di next morning, Jonatan with en boy savant kon go di field go meet
David. 36 E kon tell en savant, “Make yu run go find di arrow wey I won
shot so.” As di savant dey run, Jonatan shot di arrow pass am. 37 Wen di
savant rish di place where di arrow for land, Jonatan kon shaut koll am
sey, “Di arrow still dey yor front?” 38 Jonatan koll di savant, “Make yu
kwik! Run go kwik-kwik! Nor stop!” Jonatan savant take di arrow kon
kom back kom meet en oga. 39 Di savant nor undastand wetin dey happen.
Na only Jonatan and David know wetin dey happen. 40 Den Jonatan karry
en swod bag give di boy wey dey with am. E kon tell am, “Make yu dey
go, karry dis tins go back to di town.”
41 Wen di savant don go, David stand kom out from where e hide put
near di stone, e knee down kon bow three times. Den dem kiss each oda
kon bigin kry, but na David kry pass.
42 Jonatan kon tell David, “Make yu go well, bikos di two of us don use
God name take swear sey, ‘God go dey with mi and yu and even awa
shidren-shidren forever.’ ” Den David get up kon run go, while Jonatan
go back to di town.

# 21

*David Go Nob*

1 David go meet Ahimelek wey bi Nob priest. Ahimelek dey fear wen
e meet David, so e kon tell am, “Wetin make only yu dey waka without
bodyguard?”
2 David kon ansa, “Di king sey make I do sometin and e sey, ‘Nor let
anybody know why I dey send yu or tell yu dis tins.’ I don tell my sojas
make dem wait for one place. 3 So naw wetin yu get? Make yu give mi
five bread or anytin wey yu si.”
4 Di priest ansa David, “I nor get ordinary bread, na only di holy bread
dey and di sojas go fit chop am if dem nor sleep with woman.”
5 David tell di priest, “True-true, dem nor dey sleep with wimen wen wi
dey go war. Dia swods sef dey holy, even doh na ordinary journey wi dey
go. So today, dem even dey holy well-well!” 6 So di priest give David di
holy bread, bikos no oda bread dey der. Dem take am from God present,
so dat dem go put hot ones for der.
7 One of Saul savant dey der dat day, bikos e nid to do some tins wey
God tell am. En name na Doeg wey kom from Edom and na en dey kare
for Saul animals.
8 David ask Ahimelek, “Yu nor get any spear or swod for here? I don
forget my own, bikos I dey rush kom here.”

*David Go Gat*

9 Di priest ansa, “Goliat, Filistia pipol wey yu kill for Ela Valley, na only
en swod wey dem wrap with klot put for di efod back, dey here. If yu wont
am, make only yu go take am. Anytin wey pass dat one, nor dey here.”
David kon sey, “Nor-tin good rish dat one! Make yu give mi!”

10 So dat day, David kon run from Saul go meet King Akish for Gat. 11 King
Akish savant kon ask di king, "Nor bi David bi dis, David wey bi king for
en kountry? Nor bi en pipol dey sing sey,
" 'Saul kill 1,000,
but David kill tazon plus tazon.' "
12 David tink wetin dem tok for en mind kon dey fear King Akish for Gat.
13 So wen David dey with dem, e bihave like sey e dey mad. Since e dey
under dia pawa, e dey do like mad pesin kon dey rite for dia town gate,
while spit go dey rush komot en mout.
14 Akish kon tell en savant, "Si dis mad man! Wetin make yu bring am
kom meet mi? 15 Di mumu dem wey I get nor plenty rish? Why yu bring dis
kraze man kom my front? Yu wont make dis mad man enter my house?"

# 22

*David Go Adullam And Mizpa*

1 So, David run komot der kon go stay for one hole near Adullam town.
Wen en brodas and family hear sey e dey der, dem kon go meet am. 2 Doz
wey dey face trobol or owe pesin or wey nor get wetin to do kon gada
follow David and e kon dey lead dem. 3 Den, David from der go Mizpa for
Moab, where e for tell Moab king sey, "I beg! Make yu allow my papa and
mama stay with yu until I know wetin God won take mi do." 4 So David
papa and mama kon stay with Moab king; dem stay with di king thru-out
di time wey David dey run waka. 5 Den Profet Gad kon tell David, "Nor
hide for hole again, but make yu go Judah go stay." So David kon go Heret
Forest.

*Saul Kill Di Priest*

6 But dem kon tell Saul where David and di pipol wey dey with am dey
stay. Saul sidan for Gibeah under one tamarisk tree for one high place
with en spear for en hand and all en savants gada round am. 7 Saul tell
dem, "All of una wey kom from Benjamin tribe! Make una listin! Jesse
pikin don give field and vineyard to any of una before? Or e don make
any of una kommander and offisa? 8 Nobody fit kon even tell mi wen my
own pikin enter agriment with dis David. Non of una even fit sorry kon
tell mi sey my own pikin don allow my savant set trap for mi, just as e bi
today so."
9 But Doeg wey kom from Edom, wey dey among Saul savants kon ansa
di king, "I si David wen e go meet Ahitub pikin Ahimelek for Nob. 10 E tok
to God for am kon give David some food and oda tins. E still gi-am Goliat,
di Filistia giant, swod."
11 Den di king send for Priest Ahimelek, wey bi Ahitub pikin and all di
priest wey dey en own papa house for Nob. So all of dem kom meet di
king. 12 Den Saul sey, "Ahitub pikin, make yu listin."
Ahimelek kon ansa, "My oga, I dey hear yu."
13 Saul ask am, "Wetin make yu join plan against mi; yu and David? Yu
gi-am bread and swod kon tok to God for am, so dat e go oppoz mi kon set
trap for mi, just as di matter bi today?"
14 Ahimelek ansa di king, "For all di savant wey yu get, na wish one dey
good rish David? David na di king pikin husband, na en bi oga for di king
sojas and e dey work for yor house. 15 Na today bi di first day wey I dey

tok to God for am? E nor fit happen! Make di king nor blame en savant
or evry priest for my papa house. Bikos yor savant nor know anytin wey
dey happen at-all."
16 But di king sey, "Ahimelek, yu must die, both yu and evribody for yor
papa house!"
17 Den di king tell di pipol wey dey with am sey, "Make una go kill God
priests. Bikos dem don join David side. Dem know sey e dey run, but dem
nor kom tell mi."
But di king savants nor gri tosh God priest.
18 Den di king kon tell Doeg, "Make yu kill di priests." So Doeg wey kom
from Edom kon turn kill di priests. For dat day, e kill eight five men wey
wear linen priest garment. 19 Den e kon go Nob wey bi priests town kon
kill evribody for der, both men and wimen, yong and small pikin, plus all
dia animals.
20 But one of Ahimelek pikin run go meet David. En name na Abiatar.
21 Abiatar kon tell David evritin, how Saul take kill God priest. 22 Den David
tell Abiatar, "I know dat day sey, since Doeg wey kom from Edom dey der,
e must tell King Saul. Na mi dem go blame for di deat wey yor papa and
en family don die so. 23 So, make yu stay with mi and yu go dey save.
Make yu nor fear, bikos Saul won kill di two of us."

# 23

### *David Diliver Keilah Town*

1 Dem kon tell David, "Filistia pipol dey fight for Keilah and dem dey
karry dia tins go." 2 So David ask God, "Make I go kill all dis Filistia pipol?"
God ansa David, "Make yu go kill Filistia pipol kon diliver Keilah pipol."
3 But David men kon tell am, "Wi still dey fear as wi dey here for Judah!
How e go kom bi if wi go fight Filistia sojas for Keilah?"
4 So David ask God again. But God tell am again sey, "Make yu go save
Keilah pipol. Bikos I don put Filistia pipol for yor hand." 5 So David and
en men kon go Keilah go fight Filistia pipol. E karry dia animals kon kill
dem well-well. Na so David take save Keilah pipol.

### *David Run From Saul Again*

6 Naw, wen Ahimelek son, Abiatar don run go meet David for Keilah, e
karry one efod follow body. 7 Wen dem tell Saul sey David dey Keilah, Saul
kon sey, "Today, God don put David for my hand, bikos e don put ensef
for tight korna wen e enter town wey get only two gate and big-big iron."
8 So Saul gada all en sojas, so dat dem go-go katch David and en men for
Keilah.
9 Wen David hear wetin Saul dey plan to do am, e kon tell Abiatar wey bi
priest sey, "Make yu bring di efod kom." 10 Den David sey, "My Oga wey bi
Israel God, yor savant don hear sey Saul dey plan to kom distroy di town
bikos of mi. 11 Di leaders for Keilah go put mi for en hand? Saul go kom
as dem tell mi yor savant? My Oga wey bi Israel God, abeg make Yu tell
mi."
Den God ansa, "E go kom."
12 David kon ask, "Keilah leaders go give mi and my men to Saul?" God
sey, "Dem go give una to am."

[13] So David and en six hundred men kon run komot Keilah; dem kon dey
go from one place to anoda. Wen dem tell Saul sey David don run komot
Keilah, e nor kon go der again.
[14] David kon hide for di hill near Zif desert. Saul dey find David, but God
nor let am katch am.
[15] David know sey Saul dey find am bikos e won kill-am, so e go stay
Horesh for Zif desert. [16] Den Saul pikin Jonatan go meet David for Horesh
kon tell am, "God go always guide yu." [17] E tell am, "Make yu nor fear,
bikos my papa hand nor go fit tosh yu at-all. Yu go rule Israel and I go dey
by yor side. Even my papa know sey na so e go bi." [18] Wen di two of dem
don make kovenant for God present, David stay for Horesh, but Jonatan
kon go house back.
[19] Den Zif pipol go tell Saul for Gibeah sey, "David dey hide for Horesh
near Hakilah Hill wey dey Jeshimon sout." [20] Di pipol still sey, "Awa king,
wi know how yu really one katch David; so make yu kom awa aria and wi
go make sure sey yu katch am."
[21] Saul ansa, "Make God bless una, bikos una don sorry for mi. [22] Make
una go make betta plan and know where e really dey and di pesin wey
si am. Bikos dem tell mi sey e get sense well-well. [23] Make una take time
find di real place wey e dey, den kon tell mi. Den I go follow una go. If e
dey di land, I go find am among doz wey dey Judah."
[24] So dem leave Saul kon go back to Zif. Naw, David and en men dey
inside Maon desert for Arabah wey dey Jeshimon sout. [25] Saul and en
men kon go look for David. But dem tell David, so e kon go stay di rock for
Maon desert. Wen Saul hear sey e dey der, e kon porshu David go Maon
desert.
[26] Saul pass one side for di mountin, while David and en men pass anoda
side for di mountin. David dey hurry, so dat Saul nor go katch am, but Saul
and en men don surround David and en men well-well. [27] But one pesin
run kon tell Saul, "Make yu kwik-kwik kom, bikos Filistia pipol don dey
skata di land!" [28] So Saul stop to porshu David and e kon go fight Filistia
pipol. So dem kon dey koll dat place Sela Hammahlekot. [29] Den, David
komot der kon go stay where strong pass for En-Gedi.

# 24

*David Nor Kill Saul*

[1] Wen Saul don porshu Filistia pipol kom back, dem kon tell am, "Si,
David dey for En-Gedi desert." [2] So Saul take 3,000 men wey e selet from
Israel kon go find David and en men for di aria wey rock dey for where
goats for mountin dey stay.
[3] E rish one place where sheep dey for di road side and rock wey whole
dey inside, dey der too. Den e go inside di rock go rest. Naw, David and
en men sidan for di rock back (Dem hide for der). [4] David men kon tell
am, "Today na di day wey God tell yu about sey, 'I go put yor enemy for
yor hand and yu fit do am anytin wey yu like.' " So David kon stand up
small-small go kut di korna for Saul klot.
[5] Leta, David mind kon dey judge am, bikos e kut Saul klot, [6] so e kon tell
en men, "Make God nor let mi do bad tin to my oga, di king wey E choose.
Afta all, na God choose am." [7] David beg en men with di words wey e tok,
so dem nor kon do King Saul anytin.

But wen Saul don komot from di rock kon bigin go, 8 David kom out from
di rock kon shaut make Saul for hear, “My oga, di king!” Wen Saul look
en back, David bow face groun for am. 9 David tell Saul, “Wetin make yu
dey listin to pipol wey sey, ‘David won kill yu?’ 10 Yu yorsef go know sey
today God don put yu for my hand for inside di rock. Some of my men sey
make I kill yu, but I sorry for yu kon sey, ‘I nor go do bad tin to my oga,
bikos na God choose am.’ 11 My papa, si yor klot korna for my hand. Wen
I kut am komot, I nor kill yu. So make yu know and undastand sey I nor
dey plan to kill or fight against yu. 12 Make God judge between mi and yu
and e go save mi from yor hand, but I nor go tosh yu with my hand. 13 E
bi like dis proverb: ‘Bad tins dey kom out from bad pipol.’ But my hand
nor go tosh yu.

14 “Na who Israel king dey look for? Na who e dey porshu? Dog wey
don die or ordinary ant? 15 Make God judge di matter kon tok who dey
rite and wrong. Make e kom defend and save mi from yu!”

16 Wen David don tok finish, Saul kon sey, “David, My pikin! Na yor
vois bi dat?” Den Saul kry well-well. 17 E kon tell David, “Yu betta pass
mi, bikos since I know yu, yu dey good to mi, even doh I dey try to kill
yu. 18 Yu don show mi today how yu good rish, bikos yu nor gri kill mi,
even doh God put mi for yor hand. 19 If pesin katch en enemy, e dey tell
am make e go without sey e wound am? Today! Make God reward yu
with good, bikos of wetin yu do to mi. 20 Si naw, I don know sey na yu
really go bi king and yu go build Israel kingdom with yor hand. 21 So naw,
make yu use God name take swear sey yu nor go kill mi, my shidren or
shidren-shidren or distroy my name from my papa house.”

22 David kon promise Saul. Den Saul kon go en house and David and en
men kon go where dem go for dey save.

# 25

## *Samuel Die*

1 Samuel die and evribody for Israel gada kon mourn for am. Dem beri
am for en house for Rama. Den David kon go Paran desert.

## *David Marry Abigail*

2 E get one man for Maon and e dey sell for Karmel town. Dis man get
money well-well; e get 3,000 sheep and 1,000 goats. Dat time, e dey barb
en sheep hair for Karmel. 3 Di man name na Nabal and en wife na Abigail.
Di woman get sense and e fine well-well, but di man bad and na wiked
tins e dey do. Na Kaleb tribe e from kom.

4 Wen David hear for inside di desert sey Nabal dey barb en sheep hair,
5 e send ten savant kon tell dem, “Make una go meet Nabal for Karmel kon
tell am sey I dey greet am. 6 Den una go tell am, ‘Make peace dey with yu
and yor house! Make peace dey with evritin wey bi yor own!

7 “ ‘Naw, I hear sey pipol dey barb sheep for yu. Wen yor pipol wey dey
guide di sheep dey with us for Karmel, wi nor curse or fight dem. 8 Ask
yor savants and e go tell yu! Make yu favor yor savants, bikos na holiday
wi kom for. Abeg make yu give yor savant and David anytin wey yu go fit
give us.’ ”

9 So David savants go tell Nabal all dis word with David name. Den dem
nor tok again.

10 But Nabal tell David savants, "Na who bi David and na who bi dis Jesse
pikin sef? Na dis kind time many savants dey run leave dia oga. 11 Make
I give una di bread, wota and meat wey I won give doz wey dey barb di
sheep? I nor even know where una from kom!"

12 So David savant kon go back. Wen dem kom back, dem tell David
evritin. 13 Den David kommand en men, "Make una karry una swod," and
David karry en swod too. Like four hundred men kon follow David, while
two hundred dey house with evritin wey dem get.

14 But one savant kon tell Abigail, Nabal wife sey, "David send pipol from
desert make dem kon greet awa oga, but awa oga shaut give dem. 15 Di
men dem dey good to us. Dem nor curse or wound us wen wi dey with
dem for di field. 16 Both for nite and day time, dem dey guide us wen wi
dey guide awa sheep. 17 Naw, wi wont make yu know, so dat yu go fit do
sometin about am. Bikos betta wahala dey kom for awa oga and en family.
E too wiked and nobody fit tell am anytin!"

18 So Abigail kon kwik-kwik take two hundred bread, two kontaina wey
wine full, five sheep wey dem don barb well, hundred raisin and two
hundred fig fruits wey dem don press. Abigail pak dem put on-top donkey
19 kon tell en savant, "Make yu go for my front. I dey kom for yor back."
But e nor tell Nabal wey bi en husband.

20 As Abigail dey ride en donkey pass under di mountin, e kon meet
David and en men for road. 21 Naw, David dey tink for en mind sey, "As I
guide evritin wey bi dis man own for desert rish, so e nor mean anytin to
am? I nor take anytin from am. But e don use wikedness take pay di good
wey I do for am. 22 Make God ponish mi if by tumoro one of en family still
dey alive!"

23 Wen Abigail si David, e kwik-kwik kom down from di donkey kon bow
for am. 24 Abigail fall for groun kon sey, "My oga, I gri sey wi dey wrong.
But abeg make yu let yor woman savant follow yu tok. Make yu listin to
wetin yor savant get to tok. 25 My oga, make yu nor listin to dat wiked
Nabal. E dey bihave like en name! En name mean 'Fool' and e really bi
fool. But mi yor savant nor si di men wey yu send kom.

26 "Naw my oga, as long as God dey alive and as long as yu dey alive
too, God nor go let yu kill or do tins di way yu wont am. Naw, make yor
enemies and doz wey dey try to wound yu, bi like Nabal. 27 So my oga,
make yu allow yor savants take dis gift dem wey I bring kom give yu.
28 Abeg, make yu forgive di sin wey wi kommit and true-true God go make
yor house great, bikos yu dey fight God fight. All di days wey yu go stay
for dis eart, yu nor go put hand for bad tin. 29 Anybody wey dey porshu
and won kill yu, di Oga yor God wey dey heaven go protet yor life and
nor-tin go happen to yu. But e go skata and kill yor enemies, wons and
for all. 30 God go do evritin wey E promise yu and E go make yu oga ova
Israel pipol. 31 Yor mind nor go judge yu bikos yu kill pipol wey nor do
wrong or pay pipol back for wetin dem do yu. Wen God don give yu, my
oga viktory, abeg make yu remember mi."

32 Den David kon tell Abigail, "Make wi praiz di Oga wey bi Israel God
wey don send yu kom meet mi today! 33 God bless yu as yu take judge di
kase! Make God reward yu, bikos yu nor let mi kill pipol kon do as my
own mind dey tell mi. 34 If not, as long as di Oga wey bi Israel God dey

alive, di pesin wey stop mi to kill una, if to sey yu nor kwik meet mi, by
tumoro morning, no singol boy for Nabal family for dey alive."
35 Den David kollect di gifts kon tell Abigail, "Make yu go back to yor
house in peace. Bilive sey I don hear wetin yu tok and nor-tin go happen
to una."
36 Wen Abigail go back go meet Nabal, e dey do party for en house like
king. Nabal dey enjoy ensef and e don drink well-well. Abigail nor tok
anytin until di next day. 37 Wen day break wen Nabal eye neva klear well-
well, en wife kon tell am wetin happen. Na wons e get stroke and e nor fit
waka again. 38 Afta like ten days, God nak Nabal and e kon die.
39 Wen David hear sey Nabal don die, e kon sey, "Make wi praiz God wey
don fight for us, bikos of wetin Nabal do. God stop en savant to do bad
and E don reward Nabal with di wiked wey e do." Den David send pipol
go meet Abigail sey make e bi en wife. 40 So David savant go meet Abigail
for Karmel kon tell am, "Na David send us kom bring yu as en wife."
41 Abigail stand up, bow face groun kon sey, "Yor woman savant wey
dey alone, go wosh my oga savants leg." 42 Den Abigail kwik-kwik klimb
donkey with five of en woman savants. E follow pipol wey David send
kom kon go meet David and e kon bi en wife. 43 David don already marry
Ahinoam from Jezrel and di two of dem kon bi en wife. 44 Naw, Saul don
give en pikin Mikal wey bi David wife to Laish pikin, Paltiel wey kom from
Gallim.

# 26

*David Sorry For Saul Again*

1 Zif pipol kom meet Saul for Gibeah sey, "David hide for Hakilah hill
wey dey near Jeshimon."
2 So Saul take 3,000 strong sojas wey e selet from Israel kon go find
David for Zif desert. 3 Saul kamp for di road wey dey near Hakilah hill
near Jeshimon, but David dey inside di desert. Wen David know sey Saul
dey di desert dey find am, 4 e kon send pipol go spy if na true.
5 So David kon go di place where Saul kamp put. E si where Saul, Ner
pikin Abner and en sojas sleep put. Saul sleep inside di kamp, while en
sojas kon sleep round am.
6 David tell Ahimelek wey kom from Hit and Abishai; Joab broda wey
kom from Zeruaya sey, "Who go follow mi go meet Saul for en kamp?"
Abishai kon ansa, "I go follow yu go."
7 So David and Abishai kon rish der dat nite and dem si sey Saul dey
sleep inside di kamp and e pin en spear for groun near en head. Abner
and di sojas sleep around am.
8 Abishai kon tell David, "Today, God don put yor enemy for yor hand.
So make yu let mi shuk en head join groun. I nor nid to do am two times!"
9 But David ansa, "Nor kill-am! Na who go happy sey e kill di pesin wey
God ensef choose?" 10 David still sey, "As God dey alive, na God go kill-
am by ensef. One day e go sleep nor wake-up or dem go kill-am for war.
11 God forbid sey I kill di pesin wey E choose with en hand." David kon
tell Abishai, "Take en spear and en wota pot make wi komot from here!"
12 So David take di spear and di wota pot wey dey near Saul head and
dem kon komot der. Nobody si dem or know sey dem kom or wake-up. All
of dem don sleep go, bikos God don make betta sleep katch dem.

13 Den David cross go di oda side kon stand for far on-top di hill and
betta gap dey between en and Saul. 14 E shaut give Abner wey bi Ner
pikin, "Abner! Yu nor won ansa?"
Abner kon ansa, "Who bi yu wey dey shaut won wake di king?"
15 David kon tell Abner, "I tink sey yu bi man? Afta all, who rish yu for
di whole Israel land? Wetin kon make yu nor fit guide yor king? One soja
almost won kill yor oga di king. 16 Yu don fail for yor work. As long as God
dey alive, una wey nor fit protet una oga wey God choose as king, dead
body betta pass una. Naw make yu find di king spear and wota pot wey
dey near en head!"
17 Wen Saul know sey na David, e kon sey, "David my pikin, na yor vois
bi dat?"
David ansa, "Yes! My oga di king, na my vois." 18 David still sey, "Wetin
make my oga di king dey porshu en savant? Wetin I do? Wish bad tin I
do? 19 So naw, make my oga di king listin to wetin en savant won tok. If
na God make yu hate mi; if I offa ofrin to am, E go shange en mind, but if
na human being make yu hate mi like dis, God curse go fall for dia head!
Bikos dem don porshu mi komot from God land wen dem sey, 'Make yu
go. Go serve anoda god!' 20 Naw my king, nor let dem kill mi for land wey
nor bi God own, bikos sey yu dey look for ant like mi, just as pesin dey
look for animal for bush."
21 Saul kon ansa, "David my pikin, I don sin! Make yu kom back. I nor
go kill yu, bikos yu don save mi today. I bi like fool today and I don make
big mistake."
22 David ansa, "Di king spear dey here." Make one of di savant cross
kom take am. 23 "God dey reward doz wey dey honest and raitious. Even
doh today God put yu for my hand, I nor go ever kill di pesin wey God use
en own hand choose. 24 Just as I save yor life today, make God save mi
from evry trobol and wahala!"
25 So Saul ansa David, "My pikin! Make God bless yu. Yu go dey prosper
for evritin wey yu do."
So David go en own way and Saul kon go back.

# 27

## *David Join Filistia Pipol*

1 David kon tink am sey, "One day Saul go kill mi. So, di best tin wey I
go do naw, na to run go stay Filistia pipol land. Den Saul go stop to look
for mi for evriwhere wey bi Israel own and I go free from en wahala."
2 So David and en six hundred men kon cross go meet king Akish wey bi
Maok for Gat pikin. 3 David, en six hundred men and dia family kon stay
with king Akish for Gat. David get two wifes, Ahinoam from Jezrel and
Abigail from Karmel wey bin dey marry Nabal before Nabal die. 4 Wen
Saul hear sey David don run go Gat, e kon stop to porshu am.
5 David tell Akish, "If yu know sey I bi yor friend, make yu give mi one
small town make I stay. Wetin go make yor savant dey follow yu stay di
royal town?"
6 Dat day, Akish kon give David, Ziklag town. (Bikos of dat, na Judah
kings get Ziklag kom rish today.) 7 Na one year and four monts David stay
for Filistia pipol land.

8 Den David and en men kon go fight Geshur, Girz and Amalek pipol wey
dey stay di land since. David kill dem from di town mout for Shur go rish
Egypt. 9 Anywhere David attack, e dey kill evribody finish. E go take dia
sheep, kattles, donkeys, kamels and all dia klot, den e go-go back go meet
Akish.
10 Wen Akish ask, "Where yu go fight today?" David go sey, "Di Negev for
Judah" or "Negev for Jeharmeel" or "Negev for Ken." 11 David kill both
man and woman, so dat nobody go-go ripot dem for Gat. Dis na wetin
David do all di time wen e dey Filistia. 12 So Akish trust David, bikos e
bilive for en mind sey, "Israel pipol really hate David. So from naw go, e
go get to stay here kon serve mi forever."

# 28

*Di Witch*

1 Afta some time, Filistia pipol kon gada dia sojas go fight Israel pipol.
So Akish kon tell David, "Hope yu know sey yu and yor men go follow mi
go fight." 2 David ansa, "If na so di kase bi, den yu go know wetin yor
savant fit do!" Akish kon sey, "Den I go make yu my bodyguard from naw
go." 3 Naw, Samuel don die and evribody for Israel dey mourn. Dem beri
am for en town for Rama. For dis time, Saul don porshu all di majik pipol
and doz wey dey si vishon komot di town. 4 Filistia pipol gada kon kamp
for Shunem. Saul gada all en sojas for Israel kon kamp for Gilboa. 5 Wen
Saul si sey Filistia sojas plenty well-well, e kon dey fear. 6 So Saul pray to
God, but God nor gri listin to am. God nor even ansa am for dream or thru
profet or Urim.
7 So Saul kommand en savants, "Make una go find any woman wey dey
do majik kom, so dat I go-go ask am wetin go happen." En savant ansa, "E
get one majik woman for Endor." 8 Saul dress so dat pipol nor go know sey
na en den e kon go with two of en men. Wen dem rish where di woman
dey for nite, e kon sey, "Abeg, make yu use yor pawa take koll di pesin
spirit wey I go tell yu." 9 Di woman ansa am, "Si! Yu know wetin Saul don
do; e don porshu di pipol wey dey si vishon and doz wey dey do majik
komot from di land. So why yu dey kom try mi, so dat dem go kill mi?"
10 But Saul kon use God take swear sey, "As long as God dey alive, nor-tin
go happen to yu." 11 So di woman ansa, "Na wish pesin name yu wont
make I koll?" Saul ansa, "Na Samuel wey don die." 12 Wen di woman si
Samuel, di woman kon kry well-well sey, "Wetin make yu deceive mi? Yu
bi Saul!" 13 Di king ansa, "Nor let fear katch yu. Wetin yu si?" Di woman
ansa, "I dey si pesin wey bi like god dey kom out from groun!" 14 Di king
ask di woman, "Na how e look like?" Di woman ansa, "Na old man dey
kom so-o! Dem wrap en body with klot!" Den Saul know sey na Samuel
and e kon bow face groun. 15 Samuel kon tell Saul, "Wetin make yu dey
disturb mi? Wetin make yu koll mi kom back?" Saul ansa, "I dey for big
wahala! Filistia pipol dey fight mi and God nor dey ansa mi again. E nor
dey listin to mi or tok to mi thru profet or dream. So I kon koll yu, so dat
yu go tell mi wetin I go do." 16 Samuel kon sey, "Wetin make yu dey ask mi
naw wey God don turn from yu kon bi yor enemy? 17 God dey do wetin E
tok. E don tear di kingdom from yor hand kon gi-am to David. 18 Since yu
nor gri obey God and yu nor show en vexnashon to doz Amalek pipol, God

don ponish yu today. 19 God go give yu and Israel pipol to Filistia pipol.
Tumoro, both yu and yor sons go dey with mi. God go still give Israel sojas
to Filistia pipol."

20 Saul kon kwik-kwik sleep for groun for der and e kon dey fear, bikos
of wetin Samuel tok. E nor get any pawa to waka again, bikos e nor chop
anytin from morning go rish nite. 21 Wen di woman kom meet and si how
Saul dey fear rish, di woman kon tell am, "Yor savant don do wetin yu ask
am. I risk my life kon do wetin yu tell mi. 22 Naw, na yor turn to listin to
yor savant. Make I give yu some bread make yu chop. Wen yu don get
pawa again, yu fit dey go." 23 But Saul sey, "I nor wont chop." En savants
and di woman beg am well-well, so e kon gri with dem. E get up from
groun kon sidan for di bed. 24 Di woman kwik-kwik kill di small melu wey
e get, take some flower, prepare am kon bake bread wey nor get yist. 25 E
gi-am to Saul and en savants and dem kon chop. Den dem go back, dat
same nite.

# 29

*Filistia Pipol Leaders Rijet David*

1 Filistia pipol gada dia sojas for Afek, while Israel pipol kamp for Jezrel
wotaside. 2 Filistia pipol leaders mash kom out with dia many-many sojas;
so David and en men kon mash out with King Akish. 3 Filistia pipol
kommander si dem kon ask, "Wetin dis Hibru dey do for here?"

Akish kon ansa, "Dis na David, King Saul savant and e don dey with mi
for sometaim naw. E neva do anytin wey go make mi blame am since e
don dey with mi."

4 But Filistia pipol kommander kon dey vex with King Akish, den di oga
sey, "Tell dem make dem dey go! Make David and en men go back to di
place wey yu gi-am. Nor let am follow us go fight, bikos e fit turn against
us for di fight. Wetin e go do take win en oga favor back, dan make e turn
kon bigin kill awa own men? 5 Abi nor bi dis David make dem dey sing
and dance sey,

" 'Saul kill 1,000,
but David kill tazon plus tazon?' "

6 So Akish kon tell David, "I swear with God wey nor dey die sey, yu dey
loyal to mi and na mi go happy pass sey yu follow mi go fight dis fight. I
nor si anytin wey go let mi blame yu since di first day wey yu dey with
mi kon rish naw. But di oda leaders bilive sey yu dey pritend. 7 So make
peace dey with yu as yu dey go back to yor house and make yu nor do
anytin wey go make di remainin Filistia leaders vex for yu."

8 David kon ansa, "Oga! Wetin I do wey dey bad? If as yu tok sey I neva
do yu any bad tin since di day wen I start to serve yu, wetin make mi nor
fit follow yu wey bi my oga and king go fight yor enemies?"

9 Akish ansa, "I agri before and I si as yu loyal to mi like angel wey loyal
to God. But di oda kings sey yu nor fit go fight with us. 10 So, tumoro, yu
and yor men wey leave Saul kon meet mi, must get up go for morning wen
day neva break well-well."

11 So David and en men get up for early morning kon go back to Filistia,
but Filistia sojas kon go Jezrel.

# 30

*David Win Amalek Pipol*

1 For di third day, David and en men kon rish Ziklag. But Amalek pipol
attack Negev and Ziklag. Dem burn Ziklag rish groun. 2 Dem katch di
wimen wey dey der, from di small ones go rish di old ones, but dem nor
kill anybody. Dem just karry dem follow body.

3 Wen David and en men rish di town, dem kon si sey Amalek pipol
don burn am kon karry dia wimen, sons and dotas go. 4 Den David and
en men kon kry well-well until dem nor fit kry again. 5 Dem katch David
two wifes, Ahinoam wey kom from Jezrel and Abigail from Karmel wey
bi Nabal wife before. 6 David vex well-well, bikos en men dey tink for dia
mind sey make dem stone am. Each man dey kry for en pikin. But di Oga
God kon give David strong mind.

7 Den David tell priest Abiatar wey bi Ahimelek pikin, "Bring di efod
kon give mi." So Abiatar bring di efod kom. 8 So David ask God, "Make wi
porshu dem? Wi go katch dem?"

God ansa, "Make una porshu dem, una go true-true katch dem kon diliver una wifes and shidren."

9 So David porshu dem with en six hundred men. Wen David rish River
Besor, some of en men kon stay der. 10 David and 400 men kon kontinue
to porshu dem and two hundred men wey don taya well-well kon stay for
River Besor.

11 Den dem si one Egypt man for di field wey almost dey faint, so dem
kon bring am kom meet David. Dem gi-am bread and wota make e chop
and drink kon still gi-am 12 some fig wey don dry and two raisin. Dis food
kon make am strong well-well, bikos e neva chop food or drink wota for
three days and three nites.

13 David kon tell am, "Na who yu bi and where yu from kom?" Di yong
man kon ansa, "I kom from Egypt and my oga na Amalek pesin. My oga
go leave mi, bikos I dey sick for three days naw. 14 Wi go distroy Keret
wey dey Negev for Judah aria and Negev aria wey bi Kaleb own. Wi burn
Ziklag."

15 David kon tell am, "Yu fit take us go where yor pipol dey?"

Di man ansa, "Make yu swear first sey yu nor go kill mi or give mi to my oga, den I go take una go der."

16 So di man take David go where Amalek pipol dey and David kon si
sey dem full di land. Dem dey chop and drink; dey enjoy diasef, bikos of
evritin wey dem karry from Filistia pipol and Judah land. 17 But David kill
dem from morning until di next evening. Non of dem eskape, escept di
400 men wey enter kamel kon run. 18 David kollect evritin wey Amalek
pipol take before; e save en two wifes. 19 Nor-tin lost, weda na small or
big tin. E save pipol sons and dotas; di tins wey Amalek pipol take from
dem and evry oda tin wey dem take before. David bring evritin kom back.
20 David take all di sheep kon put dem for di oda animals front. Pipol kon
dey sey, "Dis na di tins wey David karry!"

21 Naw, David don near di two hundred men wey don taya well-well to
follow am go; doz wey dem live for River Besor. Dem kon go meet David
and di pipol wey dey with am. Wen David rish where di two hundred men
dey, e kon ask dem, "How una body!" 22 But all di wiked men among di

ones wey follow David kon sey, "Since dem nor follow us go, wi nor go
give dem anytin from di tins wey wi karry so. Make dem take only dia
wifes and shidren dey go!"
23 But David sey, "Nor bi so, my brodas! Make una nor do like dis. Si
wetin God don give us! E don protet and save us from Amalek pipol wey
kom fight against us. 24 Who go listin to una for dis matter? Di tins wey
dem give doz wey go fight di war, na di same tin dem go give dis men.
Make evribody share am ekwol." 25 David make dis law and Israel pipol
dey obey dis law kon rish today.
26 Wen David go back to Ziklag, e kon send some of di tins wey dem
karry, go give di leaders for Judah wey bi en friends sey, "Dis gift na for
una, wi take dem from God enemies."
27 Di gift na for di pipol wey dey: Bethel, Ramot Negev and Jattir; 28 doz
wey dey Aroer, Sifmot, Eshtemoa, 29 and Rakal. Doz wey dey Jerahmeel
and Ken town; 30 plus Hormah, Bor-Ashan, Atak, 31 Hebron and doz wey
dey di oda arias wey David and en men don travel pass before.

# 31

*Saul Die*

1 Naw, Filistia sojas dey fight Israel sojas. Di men for Israel run from
Filistia sojas and many of dem die for Mount Gilboa. 2 Filistia sojas kon
katch and kill Saul three sons wey bi Jonatan, Abinadab and Malki-Shua.
3 Saul ensef even dey where di war for strong pass and dem kon shot am
with arrow and di wound bad well-well. 4 So, Saul kon tell en savant wey
dey karry en swod sey, "Draw yor swod make yu stab mi, so dat Filistia
sojas wey dem nor sekonsaiz, nor go kill mi." But di savant nor gri stab
am, bikos e dey fear. So Saul take di swod kon kill ensef. 5 Wen di savant
si sey Saul don die, en too kon take en own swod take kill ensef. 6 So Saul,
en three sons, en savant and all en men kon die dat day. 7 Wen Israel men
wey dey di valley and di oda side for Jordan River si sey all Israel men
don die and Saul and en shidren don die too, dem kon run komot di town.
So Filistia sojas kom take-ova di town.

*Saul Body Inside Juju House*

8 Di next day, as Filistia sojas dey kollect tins from di dead body dem,
dem kon si sey Saul and en three sons don die for Mount Gilboa. 9 Dem
kut Saul head komot kon take en tins. Dem kon send pesin make e go tell
evribody for dia juju temple and among dia pipol sey Saul and en shidren
don die. 10 Dem put Saul swod for Ashtoret temple kon hang en body for
Bet-Shan wey bi di town wall. 11 Wen Jabesh for Gilead pipol hear wetin
Filistia pipol do with Saul body, 12 all dia sojas kon travel for nite go der.
Dem karry Saul and en sons dead body from di town wall kon go back to
Jabesh where dem for beri dem. 13 Dem take di bones kon beri dem under
di tamarisk tree for Jabesh; den dem kon fast for seven days.

# Sekond Samuel

*David Hear About Saul And En Sons*

1 Afta Saul don die, wen David dey kom back from where e go fight and
win Amalek pipol, e kon go stay Ziklag for two days. 2 For di third day, one
yong man run kom from Saul kamp kon bow for David front. E dey kry
with pain, bikos of wetin happen and e tear en klot kon pak dirty for en
head.

3 David ask am, "Na where yu from kom?"

Di man ansa, "I eskape from Israel pipol kamp."

4 David kon sey, "Make yu tell mi wetin dey happen."

Di man ansa, "Awa sojas run komot from di war and dem kon kill many of awa pipol. Dem still kill Saul and Jonatan, en pikin."

5 David ask am, "How yu take know sey Saul and Jonatan don die?"

6 E ansa, "Na from Mount Gilboa I from si Saul as e knee down with en
spear and I si sey di enemy shariot and doz wey dey ride dem don dey
near am well-well. 7 Den e turn round and wen e si mi, e kon koll mi. I
ansa, 'Yes sir!'

8 "E kon ask who I bi and I tell am sey, I bi Amalek pesin.

9 "Den e sey, 'Kom kill mi! Dem don wound mi well-well and I dey die.'

10 "So I kon go kill-am, bikos I know sey e go die. Den I komot di crown from en head and di shain from en hand. So my oga, I don bring dem kom give yu."

11 David and all en men kon vex tear dia klot. 12 Dem mourn, kry and
fast till evening for Saul, Jonatan and for God pipol wey dey Israel, bikos
dem don kill many of dem for war.

13 David kon ask di man wey kom tell am di news, "Na where yu from kom?" Di man ansa, "I bi Amalek pesin, but na yor kountry I dey stay."

14 David ask am, "Wetin make yu nor fear to kill di pesin wey God choose?"

15 Den David kon tell one of en men, "Make yu kill-am!" Di man kon
kill di Amalek man, 16 den David tell di dead man, "Na yu use yor mout
take kill yorsef: Yu kondemn yorsef wen yu sey yu kill di pesin wey God
choose as king."

*David Cry For Saul And Jonatan*

17 David sing dis song as e dey kry for Saul and Jonatan 18 and e sey make
dem tish di song to pipol wey dey Judah. (Dem rite di song for Jashar book.)

19 "Awa leaders die on-top hill for Israel!
Awa sojas wey strong pass don die!
20 Make yu nor announce am for Gat
or for Ashkelon strits.
So dat Filistia wimen and di pipol wey dey woship juju,
nor go happy.
21 Make rain or dew nor fall for Mount Gilboa,
make di fields nor produce fruit at-all!
Bikos na for der dem for disgrace strong sojas
with all di pawa wey dem get.
Dem abandon Saul shield wey e take dey protet ensef

and dem nor rub oil put.
22 Jonatan arrow nor stop to flow with pipol blood;
e even skata strong wariors flesh.
Saul swod nor taya to distroy many pipol for groun.
23 I love Saul and Jonatan well-well.
Deat nor go fit separate dem.
Dem fast pass eagle
and strong pass lion.
24 Israel wimen,
make una mourn for Saul!
E dey give una fine klot,
jewel and gold.
25 Di sojas wey strong well-well don fall,
dem kill dem for war;
naw, Jonatan don die for di hill.
26 Jonatan my broda, si as I dey kry for yu!
I love yu with all my heart,
bikos di love wey yu get for mi,
deep pass di one wey dem dey love woman.
27 Di sojas wey strong well-well don fall and naw,
dia weapons don dey yuzles."

# 2

### *David Na King For Judah*

1 Afta dis, David ask God, "Make I go stay one town for Judah?"
God ansa am, "Yes! Yu fit go."
David ask again, "Na wish one?"
God ansa, "Na Hebron."
2 So David go Hebron with en two wifes, Ahinoam wey kom from Jezrel
and Abigail from Karmel wey bi Nabal wife before. 3 E still karry en men
and family go stay for di towns wey dey near Hebron. 4 Den Judah men
kom Hebron kon make David king for Judah.

Wen David hear sey Jabesh pipol wey dey for Gilead don beri Saul, 5 e
kon send some men go tell dem sey, "Make God bless una as una take
honor una king kon beri am. 6 Make God dey kind and faithful to una.
Misef go trit una well bikos of wetin una do so. 7 Make una get heart, dey
strong, bikos Saul wey bi una king don die and Judah pipol don make mi
dia king."

### *King Ish-Boshet For Israel*

8 Abner wey bi Ner pikin and Saul soja oga, run with Saul pikin wey dem
dey koll Ish-Boshet cross Jordan River go Mahanaim. 9 Na for der Abner
for make Ish-Boshet king for Gilead, Asher, Jezrel, Efraim, Benjamin and
all Israel aria.

10 E bi forty years wen dem make am king for Israel and e rule for two
years. But Judah tribe, na David dem dey respet 11 and e rule Judah from
Hebron for seven and half years.

12 Abner and di ofisas wey Ish-Boshet get kon komot from Mahanaim go
Gibeon town. 13 Joab wey en mama name na Zeruaya and David ofisas

kon meet demsef for di pool for Gibeon. All of dem sidan; one set dey for one side for di pool and di oda set dey for di oda side.

14 Abner kon tell Joab, “Make wi let some boys from di two side fight face-to-face.”

Joab kon ansa, “Okay.”

15 So twelf men from Ish-Boshet and Benjamin tribe kon fight twelf men
for David side. 16 All of dem kut demsef for head, use swod shuk each oda
for belle and di twenty-four men fall for groun die togeda. So dem koll dat place for Gibeon, “Swod Field.”

17 Dat day, di fight kon strong well-well and David men win Abner and Israel pipol.

18 Zeruaya three sons dey der wey bi, Joab, Abishai and Asahel. Asahel
dey run fast-fast like deer for bush, so 19 e kon dey porshu Abner, 20 Abner
look back kon sey, “Asahel! Na yu bi dat?”

Asahel ansa, “Yes! Na mi.”

21 Abner kon sey, “Make yu stop to porshu mi, but run follow one of di sojas make yu kollect wetin e get.” But Asahel nor gri.

22 Abner kon tell am again, “Make yu stop to porshu mi! Why yu won force mi to kill yu? How I go take face Joab, yor broda?”

23 But Asahel nor still stop, so Abner kon trow en swod go back and e enter en belle kon kom out for en back. So Asahel fall for groun die and evribody wey rish der, kon stand dey look am.

24 But Joab and Abishai bigin porshu Abner from evening till dem rish
Ammah hill, near Giaya wey dey east for di side wey dey di road wey dem
dey pass go Gibeon wildaness. 25 Di men wey kom from Benjamin tribe
kon gada round Abner on-top di hill.

26 Abner koll Joab kon sey, “Na so wi go dey fight forever? Yu nor dey si sey wi nor go gain anytin, apart from wahala? Wi bi yor kountry pipol. Wen yu go tell yor men make dem stop to porshu us?”

27 Joab ansa, “I use Oga God name take swear sey, if to sey yu nor tok, my men for porshu yu rish tumoro morning.”

28 Den Joab blow di trumpet to take signal en men make dem stop to porshu Israel pipol. So, di fight kon stop.

29 Abner and en men mash pass Jordan River Valley for nite kon cross and di next morning, dem kon rish Mahanaim.

30 Wen Joab stop to porshu dem, e gada all en men kon si sey na nineteen
of dem, with Asahel en broda, naim die. 31 David men kill three hundred
and sixty among Abner men wey kom from Benjamin tribe. 32 Dem take
Asahel body kon go beri am for en papa grave for Betlehem. Den Joab and en men travel for dat nite and dem kon rish Hebron di next day.

# 3

1 Di fight between David and Saul family tey well-well. As David pipol dey strong evriday, Saul pipol kon dey weak more-more.

### *David Shidren*

2 Di shidren wey dem born for David for Hebron na:

Amnon, wey en mama na Ahinoam, wey kom from Jezrel;

3 Kileab wey en mama na Abigail wey bi Nabal wife before and e kom from Karmel;

Absalom wey en mama name na Maaka, wey bi King Talmai girl pikin for Geshur;
4 Adonijah, wey en mama name na Haggit;
Shefataya wey en mama name na Abital;
5 Itream, wey en mama name na Eglah.
Dem born all dis shidren give David for Hebron.

### *Abner Join David*

6 As David men and Saul men kontinue to dey fight, Abner kon popula
and get pawa well-well for Saul pipol side. 7 One day, Ish-Boshet wey bi
Saul pikin kon sey Abner dey sleep with Rizpah wey bi Aiaya pikin wey bi
Saul girl-friend.
8 Di tin make Abner vex well-well and e kon sey, "Yu tink sey I go betray
Saul? Yu tink sey na Judah I dey serve? I always dey respet Saul wey bi
yor papa, en broda and en friend and I make sure sey David nor win una.
But today, yu sey I dey sleep with yor papa girl-friend! 9 Make God ponish
mi Abner, If I nor help David get wetin Oga God don promise am. 10 God go
take di kingdom from Saul and en shidren-shidren kon make David king
ova Judah and Israel pipol go rish Dan and Beersheba. 11 Ish-Boshet kon
dey fear Abner sotey, e nor fit tok one word."
12 Abner kon send messenjas go meet David wey dey Hebron dat time
sey, "Who go rule dis land? Make yu make agriment with mi and I go
bring Israel pipol kom yor side."
13 David ansa, "Okay! I go make agriment with yu for one kondishon;
yu must bring Mikal wey bi Saul dota, anytime wen yu dey kom meet mi."
14 David still send messenjas go meet Ish-Boshet sey, "Make yu give mi my
wife Mikal back, bikos I pay one hundred Filistia pipol skin to take marry
am."
15 So Ish-Boshet kollect am from Paltiel wey bi Laish pikin. 16 Paltiel kry
follow am go rish Bahurim town. But Abner sey, "Make yu dey go yor
house." So e kon go.
17 Abner go meet di leaders for Israel kon tell dem, "E don tey wen una
wont make David bi una king. 18 Naw, una shance don kom. Make una
remember sey God sey, 'I go use David my savant take save Israel my pipol,
from Filistia pipol and all dia oda enemies.' "
19 Abner still tok to Benjamin tribe kon go Hebron go tell David wetin
Benjamin and Israel pipol agri to do. 20 Wen Abner with twenty men kom
meet David for Hebron, David do party for dem. 21 Abner tell David, "My
king, I go-go win Israel pipol kom give yu. Dem go take yu as king, den yu
go get wetin yu dey find and yu go rule di whole land." David kon make
Abner know sey e dey save and e tell am make e dey go.

### *Dem Kill Abner*

22 Naw Joab and David ofisas dey kom back from fight with many tins
wey dem karry. Abner nor dey Hebron with David again, bikos David don
tell am make e dey go, sey e dey save. 23 Wen Joab and en men kom, dem
tell am sey Abner kom meet David and e tell am make e dey go sey e dey
save.
24 So Joab go meet di king kon tell am, "Wetin yu do so? Abner kom meet
yu, why yu let am go like dat?" 25 "Yu know sey, e kom here kon deceive
yu and to know evritin wey yu dey do and anywhere wey yu dey go?"

26 Wen Joab leave David, e send messenja go koll Abner and dem bring
am back from Sirah well, but David nor know anytin about am. 27 Wen
Abner rish Hebron, Joab take am go di gate side like sey e won tok to am
where nobody go hear, den e shuk Abner for belle. Na so e take kill Abner,
bikos e kill Asahel wey bi en broda.

28 Wen David hear wetin happen, e sey, "God know sey mi and my men
hand nor dey Abner deat. 29 But make di ponishment fall for Joab and
en family head! For evry generashon, make one man from en family sofa
sickness like leprosy; bad skin diziz; dey waka with walkin stik, make e
die for war or nor si food chop!"

30 Na so Joab and Abishai wey bi en broda take kill Abner, bikos e kill
Asahel dia broda for war for Gibeon.

31 Den, David orda Joab and en men sey make dem tear dia klot kon
wear sak klot take mourn for Abner. King David follow Abner koffin for
back wen dem dey go beri am. 32 Na for Hebron dem beri Abner and di
king with all di pipol kon dey kry for en grave.

33 David sing dis song for Abner:

"Why Abner go die like fool?

34 Dem nor tie en hands and legs,

but e die like pesin

wey tif kill!"

All di pipol kon kry for am again.

35 For morning go rish evening for dat day, di pipol try taya make David
for chop sometin, but David don promise sey, "Make God ponish mi, if I
chop anytin today!"

36 Dem si wetin David do and all of dem happy well-well. Di pipol
like evritin wey David do. 37 All di pipol for Israel and David pipol kon
undastand sey, en hand nor dey for Abner deat.

38 Di king tell en ofisas, "Una nor si sey one big leader die komot for
Israel today? 39 Even doh na mi God choose to bi king, I dey weak today,
bikos dis Zeruaya shidren too sturbon for mi. Make God ponish dis tif,
bikos of wetin dem do!"

# 4

*Dem Kill Ish-Boshet*

1 Wen Saul pikin, Ish-Boshet hear sey dem don kill Abner for Hebron,
fear katch am well-well and dem kon tell evribody for Israel. 2 Ish-Boshet
get two ofisas; Baanah and Rekab wey bi leaders for war and dia papa na
Rimmon from Beerot wey dey Benjamin tribe. 3 Di pipol wey get dat land
don run go Gittaim and dem don dey stay der since.

4 Mefiboshet wey bi Jonatan pikin and Saul grand-pikin, na five years e
bi wen di news kom from Jezrel sey dem don kill en grand-papa Saul and
Jonatan en papa for war. Den en nurse kon karry am dey run, but bikos e
dey hurry, di pikin fall from en hand, so en leg kon break.

5 Rekab and Baanah go Ish-Boshet house for aftanoon wen e dey rest.
6 Di pesin wey dey di door don sleep go as e dey pick dirty komot for wheat,
so Rekab and Baanah kon waka small-small enter di house.

7 At wons, dem enter Ish-Boshet room kon kill-am. Den dem kut en head,
karry follow body kon waka for nite pass Jordan River Valley. 8 Dem give
di head to David for Hebron kon sey, "Ish-Boshet wey bi Saul pikin; yor

enemy wey won kill yu, na en head bi dis. Today, God don allow di king
revensh Saul and en shidren-shidren."
9 David kon ansa dem, "As long as di God wey save mi from all danger
dey alive, 10 even di messenja wey kom meet and tell mi for Ziklag sey
Saul don die tink sey e dey bring good news kom give mi. I whole and
I kill-am. Dat na di reward wey I gi-am for en good news! 11 Not to tok
about una wey do evil kon go kill pesin wey dey sleep for en own house!
I go take revensh and as una kill-am, na so una go take die too!"
12 Den David orda en sojas and dem kill dem. Dem kut dia hand and
leg komot kon hang dem near Hebron wotaside. But dem take Ish-Boshet
head kon go beri am for Abner grave for Hebron.

# 5

### *David Rule Judah And Israel*

1 Den all di tribes go meet David for Hebron kon tell am, "Wi bi yor own
flesh and blood. 2 Before-before wen Saul still bi awa king, yu lead Israel
pipol for war and God promise yu sey yu go rule en pipol and bi dia king."
3 Wen all di leaders for Israel meet King David for Hebron, David setol
with dem and dem kon make am king for Israel.
4 David na thirty years wen e bikom king and e rule for forty years. 5 E
rule Judah pipol from Hebron for seven and half years; e rule Israel pipol
for Jerusalem and Judah for thirty-three years.
6 Time kon rish for David and en men to attack Jerusalem. Jebus pipol
wey dey der, tink sey David nor go fit win di town. So dem tell David, "Yu
nor go fit enter here, even blind pipol and cripple, go fit win yu." 7 But
David win Zion take and dem kon dey koll am, "David Town."
8 David ask en men dat day, "E get anybody for here wey hate Jebus
pipol rish mi? Make wi kill dem? Den, make una pass di wota go kill doz
poor and blind cripple." Na dis make dem sey, "Doz wey dey blind and
cripple, nor fit enter God house."
9 Afta dem don kapture der, David stay der kon koll am, "David Town."
E build house round am and e start from di dry land go rish di east side
for di hill. 10 David kon dey strong evriday, bikos Oga God wey dey mighty,
dey with am.
11 King Hiram for Tyre kon send business men go meet David, e send
cedar woods with karpenters and doz wey dey do stones go meet David
make dem take build di palis. 12 So, David kon know sey God don make
am king for Israel and E dey make en kingdom prosper, bikos of en pipol.
13 Wen David don komot from Hebron go Jerusalem, e kon get many
wifes, girl-friends and shidren. 14 Di shidren wey dem born for am for
Jerusalem na: Shammua, Shobab, Natan, Solomon, 15 Ibhar, Elishua, Nefeg,
Jafia, 16 Elishama, Eliada and Elifelet.

### *Dem Win Filistia Pipol*

17 Dem tell Filistia pipol sey dem don make David king for Israel, so dia
sojas kon ready to go fight am. Wen David hear am, e kon go di aria wey
dey save. 18 Filistia pipol kamp for Refah Valley. 19 David kon ask God,
"Make I attack Filistia pipol? Yu go help mi win dem?"
God ansa, "Yes! Make yu attack dem! I go give yu viktory!"

[20] So David go Baal-Perazim and e win Filistia pipol for der. E sey, “God
don break-pass my enemies like flood.” So dem kon koll di place, Baal-
Perazim. [21] Wen Filistia pipol dey run, dem run leave dia juju and David
and en men kon karry dem komot.

[22] Filistia pipol kon go Refah Valley go stay again. [23] David ask God again
and E ansa, “Nor attack dem from here, but go round make yu ready to
attack dem from di oda side near where Balsam trees dey. [24] Wen yu hear
mashin sound on-top di trees, make yu attack, bikos I go mash go front
go win Filistia sojas for yu.” [25] David do wetin God kommand and e drive
Filistia pipol from Gibeah go rish Geza.

# 6

### *Di Kovenant Box For Jerusalem*

[1] David gada 30,000 sojas for Israel wey sabi fight well-well [2] kon lead
dem go Baala for Judah make dem go bring di Kovenant Box wey karry
God name, wey en throne big pass di creature wey get feadas. [3] Dem
karry am komot from Abinadab house for di hill kon go put am for one
new truck wey melu dey draw. Uzza and Ahio, wey Abinadab born, na
dem dey guide di truck. [4] Ahio dey waka for di box front. [5] David and
Israel pipol sing and dance well-well to take honor God. Dem dey play
harp, jita, drums, sheke-sheke and cymbals.

[6] Wen dem waka rish Nakon farm, di animal wey karry di box bin won
fall and Uzza try to hold am make e nor for fall. [7] At wons, God vex well-
well for Uzza kon kill-am, bikos e nor respet God and Uzza die near di
box.

[8] So, na Perez Uzzah dem dey koll dat place kon rish naw. David vex
bikos God use vexnashon take ponish Uzza.

[9] Den, David fear God well-well kon sey, “How I go take karry di
Kovenant Box follow body naw?” [10] So David kon sey e nor go karry am
go Jerusalem again, den e turn kon karry am go Obed-Edom house. Na
Gat Obed-Edom from kom. [11] Di box stay der for three mont and God kon
bless Obed-Edom and en family.

[12] David hear sey God don bless Obed-Edom family and evritin wey e
get, so e kon karry di Kovenant Box komot from Obed-Edom house go
Jerusalem as dem dey celebrate. [13] Wen di men wey karry di box don
waka six steps, David stop dem kon sakrifice two (man and woman) big
melu give God. [14] David wey wear only linen for en waist, dance well-well
to take honor God. [15] En and Israel pipol blow trumpet kon dey shaut as
dem dey karry di box with happiness go Jerusalem.

[16] As dem bring di box kom di town, Mikal wey bi Saul girl pikin look
from window and e si David as e dey dance well-well with only linen klot,
di woman kon dey shame, bikos of David, en husband.

[17] Dem bring di box kon put am for di place wey David make for am for
di tent. Den e give God sakrifice and fellowship ofrins. [18] Wen e don give
di sakrifice finish, e bless di pipol with God name [19] kon give dem food.
David kon give bread, rice and meat wey dem roast to evribody for Israel,
den all of dem kon go dia house.

[20] Afta, wen David go greet en family for house, Mikal kom meet and
tell David for outside sey, "Israel king don fool ensef well-well today! E
disgrace ensef for en girls savant and ofisas front!"
[21] David ansa, "I dey dance to honor God wey choose mi, instead of yor
papa and en family. E make mi lead Israel wey bi en pipol. I go kontinue
to dey respet God with my dance [22] and I go disgrace mysef pass like dis.
Yu fit tink sey I fool mysef for pipol front, but doz girls go respet mi more-
more!"
[23] Bikos of dis tin, Mikal wey bi Saul pikin, nor born any pikin till e die.

# 7

### *Natan Message To David*

[1] Den King David kon go stay en house. And God keep am save from en
enemies. [2] One day, e koll Profet Natan kon sey, "I dey stay dis house wey
dem build with cedar, but God Kovenant Box, dey for tent!"
[3] Natan ansa, "Make yu do wetin dey yor mind, bikos God dey with yu."
[4] But dat nite, God kon tell Profet Natan,
[5] "Make yu go tell David wey bi my savant sey, 'Nor bi yu go build
temple for mi wey I go stay. [6] From di time wey I save Israel pipol from
Egypt till naw, I neva stay for temple; na only tent I dey stay and I dey
waka from one place to anoda. [7] As I dey follow Israel pipol travel rish,
I neva tell any leader wey I choose before sey make e use cedar build
temple for mi.'
[8] So make yu tell David wey bi my savant sey, di Oga God sey, 'I take
yu komot from where yu dey kare for animal kon make yu rule Israel
wey bi my pipol. [9] I dey follow yu go anywhere wey yu dey go and I dey
make yu win all yor enemies as yu dey fight. I go make evribody know
yu for evriwhere, just as dem know all di big leaders for di world. [10] I
don choose place for my pipol Israel and I don put dem for where dem
go stay and nobody go opress dem again. [11] Bad pipol dey opress dem
since dem kom dis land, but e nor go happen again.
I promise sey, I go make yu win all yor enemies and I go give yu many
shidren. [12] Wen yu die and yu don go join yor grand-grand papa, I go
make one among yor shidren king and I go make en kingdom strong.
[13] Na-im go build temple for mi and I go make sure sey en kingdom go
dey forever. [14] I go bi en papa and e go bi my pikin. Wen e do wrong,
I go ponish am as papa dey ponish pikin. [15] I nor go take my love and
favor from am just as I take am from Saul, wey I remove so dat David
go bi king. [16] En house and kingdom go dey before mi forever; en family
go rule forever.' "
[17] Profet Natan tell David evritin wey God show am.

### *David Tank God*

[18] Den David enter Tabanako sidan kon bigin pray sey,
"My Oga God! Mi and my family nor rish who Yu go do all dis good
tins for. [19] But Yu dey even do di ones wey pass dem. Yu don promise
my shidren-shidren tins for many years wey dey kom and Yu, Oga God
don let mi si dis tins.

20 Wetin I go tell Yu again? Yu know mi well-well, but Yu still dey
respet mi wey bi yor savant. 21 Bikos of yor promise and as Yu wont am,
na-im Yu take do dis tins kon show mi wey bi yor savant.

22 Oga God! Yu dey great! Nobody bi like Yu. Na only Yu bi God. Wetin
wi don hear, na true! 23 No kountry for dis world bi like Israel wey Yu
komot from slave kon make dem yor pipol. Di big tins wey Yu do for
dem, make pipol know yor name for di whole world. Yu save yor pipol
from Egypt, plus di juju and gods wey dey der. 24 Yu don make Israel
pipol yor own forever and Yu, my Oga, don bi dia God.

25 Naw, my Oga God, make Yu do wetin Yu promise my shidren-shidren
and wetin Yu sey Yu go do. 26 Dem go know yor name and pipol go tok
forever sey, 'God Almighty na Israel pipol God' and Yu go always dey
protet my kingdom.

27 Oga God Almighty wey bi Israel pipol God! I dey pray dis prayer
with all my heart, bikos Yu don show mi yor savant, all dis tins kon
promise mi sey, 'Yu go make my shidren-shidren king forever.' 28 Oga
God wey get pawa, Yu bi God and Yu dey always do wetin Yu promise.
29 I sey make Yu bless my shidren-shidren; make dem enjoy yor favor
forever. God wey get pawa, don promise dis tin and yor blessing go dey
with my shidren forever."

# 8

### *David Win En Enemies*

1 Afta sometaim, King David attack Filistia pipol again, e win dem kon
take dia land wey bi Meteg Ammah from dia hand.

2 E win Moab pipol too. E make dem liedan for groun kon divide dem
group by group and for evry three group, e kill two. So Moab pipol kon
dey work and pay dia tax give David.

3 David still win King Hadadeza wey Rehob bi en papa, wey dey rule
Siria for Zobah wen King Hadadeza dey go take-ova Uppa Eufrates for di
river aria. 4 David seize 1,000 seven hundred horse-men and 20,000 sojas
wey dey waka for groun. E keep like one hundred horse kon cripple di
rest.

5 Wen Siria pipol for Damaskus send sojas go help Hadadeza, David
attack and kill 22,000 of dem. 6 Den e build soja kamp for dia aria and
dem kon dey pay dia tax to am. God make David win for evriwhere.

7 Di gold shield wey Hadadeza take dey guide ensef, David karry am go
Jerusalem. 8 E still take plenty bronze from Tebah and Berotai towns wey
Hadadeza dey rule.

9 King Toi for Hamat hear sey David don defeat Hadadeza sojas. 10 So e
send Joram en pikin make e go kongratulate David for en viktory against
Hadadeza wey King Toi don fight many times.

11 David dedikate di silva and gold wey e bring from di nashons wey
e win and dem use dem take serve God. 12 E win Edom, Moab, Ammon,
Filistia and Amalek pipol and e still karry tins from Hadadeza.

13 David kon popula well-well afta e just kom back from where e for go
kill 18,000 Edom pipol for Salt Valley.

14 E build soja kamp for evriwhere for Edom and di pipol for der kon
dey under en pawa. God make David win for evriwhere.

15 David rule evriwhere for Israel and e make sure sey dem trit evribody
well with betta mind. 16 Joab wey en mama name na Zeruaya, naim dey
kommand di sojas, while Jehoshafat wey bi Ahilud pikin, dey keep rekord.
17 Zadok wey bi Ahitub pikin and Ahimelek wey bi Abiatar pikin, na dem
bi priests. Na Seraya bi di kourt seketry. 18 Benaya wey bi Jehoiada pikin,
naim bi David bodyguard oga. David sons na priests too.

# 9

### *David And Mefiboshet*

1 One day, David ask, "E get anybody wey remain for Saul family? If e dey, I go like do good for am, bikos of Jonatan."

2 E get one savant for Saul family wey dem dey koll Ziba and dem tell am make e go meet David. David kon ask am, "Na yu bi Ziba?"

E ansa, "Yes sir! I bi yor savant."

3 David ask am, "E get anybody wey remain for Saul family wey I go show respet and dey kind to, just as I promise God sey I go do?"

Ziba ansa, "E still get one Jonatan pikin wey remain, but e nor fit waka
again." 4 So David ask am, "Where e dey?" Ziba ansa, "E dey for Makir
wey bi Ammiel pikin house for Lo-Debar."

5 Den David sey make dem go bring am kom.

6 Wen Mefiboshet wey bi Jonatan pikin and Saul grand-pikin rish der, e show respet to David kon bow for en front.

David koll am, "Mefiboshet!"

E ansa, "My oga, I bi yor savant."

7 David tell am, "Make yu nor fear. I go dey kind to yu, bikos of Jonatan wey bi yor papa. I go give yu evritin wey bi Saul, yor grand-papa own and anytime wey yu kom my tabol, I go welkom yu."

8 Mefiboshet bow again kon sey, "Oga, I nor betta pass dog wey don die, why yu dey good to mi like dis?"

9 Di king koll Ziba wey bi Saul savant kon sey, "Evritin wey bilong to Saul
and en family, I dey give dem to Mefiboshet wey bi yor oga grand-pikin.
10 Yu, yor shidren and yor savants go work for di land wey bi yor oga family
own kon harvest and provide food for Mefiboshet family. But Mefiboshet
ensef, go always kom chop for my tabol." Ziba get fifteen shidren and
twenty savant.

11 Ziba ansa, "I go do evritin wey my king kommand." So Mefiboshet kon dey chop for di king tabol like sey e bi king pikin.

12 Mefiboshet get one son and en name na Mikah. All di pipol for Ziba
family kon bi Mefiboshet savant. 13 So Mefiboshet wey nor fit waka kon
dey stay for Jerusalem and dey chop for di king tabol.

# 10

### *David Win Ammon Pipol*

1 Afta sometaim, King Nahash for Ammon kon die and en pikin, Hanun
kon bi king. 2 King David sey, "I must go pay respet and make friend with
Hanun, as Nahash wey bi en papa do to mi." So David send messenjas go
tell am, "Sorry!" Dis na bikos of en papa wey die.

Wen dem rish King Hanun palis for Ammon, 3 doz wey bi leaders for
Ammon kon tell di king, "Yu tink sey na bikos of yor papa wey die naim

make David send dis pipol kom? Wi bilive sey e send dem kom spy di
land, so dat e go kom fight and win us leta!” 4 So, King Hanun seize David
messenjas kon kut dia hair and klot, den e send dem go back.
5 Shame nor let di men go back to dia house. Wen David hear wetin
happen, e send message go meet dem sey make dem stay Jeriko till dia
hair go grow again.
6 Wen Ammon pipol si sey dem don make David vex for dem, dem kon
go Aram Bet-Rehob and Aram Zobah go hire 20,000 sojas wey dey waka
for groun, plus 1,000 men from Maaka king and 12,000 men from Tob.
7 Wen David hear wetin dey happen, e kon send Joab with all en sojas
go fight dem.
8 Ammon sojas mash go pozishon for where dem dey pass enter Rabbah,
wey bi dia kapital town and di kings wey kom help dem, pozishon put for
di open field. 9 Wen Joab si sey dia enemy sojas go attack dem from front
and back, e choose Israel sojas wey strong kon make dem face Siria sojas.
10 E kon sey make Abishai en broda dey kommand di oda sojas for di oda
side wey face Ammon sojas. 11 Joab tell am, “If yu si sey Siria sojas dey
opress mi, make yu kom help mi and if Ammon sojas dey opress yu I go
kom help yu.
12 “Make yu get heart and dey strong! Make wi fight well for awa pipol
and for God towns and make God do wetin dey en mind.” 13 Wen Joab
with en sojas attack, Siria sojas kon bigin run.
14 So as Ammon sojas si sey Siria sojas dey run, dem too kon bigin
run from Abishai enter di town. Den Joab kon go back to Jerusalem.
15 Siria pipol si as Israel pipol win dem, so dem kon go gada demsef again.
16 Hadadeza kon send for more Siria sojas wey dey di east side for Eufrates
River and dem sey make Shobak wey dey kommand Hadadeza sojas for
Zobah bi dia kommander.
17 Wen David hear wetin dey happen, e kon gada all Israel sojas, cross
Jordan River kon put dem for di side wey face Siria, den di war kon start.
18 Israel sojas kon porshu Siria sojas go back. David with en men kill 7,000
war horse-men and 40,000 sojas wey dey waka with leg. Dem still kill
Shobak wey dey kommand Siria sojas. 19 Wen di kings wey dey follow
Hadadeza si sey Israel sojas don win dem well-well, dem kon go make
peace with David and dey obey am.
So, Siria pipol nor gri help Ammon pipol again.

# 11

*David And Batsheba*

1 Before dry sizin, for di time wey kings dey go war, David send Joab
with en ofisas join Israel pipol sojas and dem defeat Ammon pipol kon
take-ova Rabbah town. But David stay for Jerusalem.
2 One day, David wake-up from sleep for aftanoon kon waka go di roof.
As e dey waka round for der, e si one woman wey dey baf for en house
and e fine well-well. 3 So e send messenja go find out who di woman bi.
Leta, dem kon tell am sey na Batsheba, wey bi Eliam pikin and na Uriaya
wey bi Hit pesin, bi en husband. 4 David send messenjas go koll am. Dem
koll di woman kom and David sleep with am. Dat time, di woman just
mestrate finish, so e kon go en house back. 5 Afta, di woman kon si sey e
get belle, den e send message go tell David.

6 David send message go give Joab, “Make yu send Uriaya wey bi Hit pesin kom meet mi.” So Joab send am go meet David. 7 Wen Uriaya kom, David ask weda evritin dey well with Joab and di rest pipol and how di fight dey go. 8 Den e tell Uriaya, “Make yu go house go rest small.” Uriaya go en house, den David send gift go gi-am. 9 But Uriaya nor go house, instead e sleep for di palis gate with di guards.

10 Wen David hear sey Uriaya nor go house, e kon ask am, “Yu just kom back from where yu go since, why yu nor go house?”

11 Uriaya ansa, “Israel and Judah men with di Kovenant Box dey war; Joab wey bi my kommander and en ofisas, kamp for open place. How I go take go house go chop, drink and sleep with my wife? So, I use evritin wey dey holy take swear sey I nor go fit do dat kind tin.”

12 So David ansa, “Make yu stay here today and tumoro, den I go send yu go back.” So Uriaya stay for Jerusalem dat day and di next day. 13 David invite am kom chop and drink till evening. But Uriaya nor still go house dat nite, instead e sleep for en blanket for di palis guard-room.

14 Di next day, David rite leta give Uriaya sey make e give Joab. 15 Wetin dey di leta na, “Put Uriaya for di front line, where di fight for strong well-well, so dat dem go kill-am.”

16 So, as Joab dey surround di town, e kon send Uriaya go di place where enemies for strong well-well. 17 Di enemy sojas kom fight Joab sojas and dem kill Uriaya with some of David ofisas.

18 Den Joab send messenja go tell David how di war dey go 19 and e tell di messenja sey, “Afta yu don tell di king about di war, 20 e fit vex ask yu, ‘Why una go near di town go fight dem? Una nor know sey dem go shot arrow from di walls? 21 Una don forget how dem take kill Abimelek wey bi Gideon pikin? Na for Tebez, one woman trow stone from di wall kon kill-am. Why una go near di wall like dat?’ If di king ask yu dis tins, den make yu tell am sey, ‘Uriaya wey bi yor offisa, don die too.’ ”

22 So di messenja go meet David kon tell am wetin Joab tok. 23 E sey, “Awa enemy strong pass us and dem from di town kom fight us for open field, but wi drive dem go di town gate back. 24 Den dem shot arrow from di wall kon kill Uriaya and some of yor ofisas.”

25 David tell di messenja, “Tell Joab make e nor fear or vex, bikos dem nor dey know who go die for war. Tell am make e attack di town well-well kon win am.”

26 Wen Batsheba hear sey dem don kill en husband, e mourn for am. 27 Wen e mourn finish, David kon bring am kom di palis and e born boy for am. But God nor like wetin David do.

# 12

*Natan Message*

1 God send Profet Natan go tell David, “E get two men wey dey stay for di same town; one get money and di oda one poor. 2 Di rish man get many melu and sheep 3 and di poor man get only one sheep wey e buy. E dey kare for am and di sheep grow for en house with en shidren. E dey gi-am wetin e dey chop; di sheep dey drink wota with di man cup kon sidan for di man leg. Di sheep bi like pikin to am.

4 "But one day, di rish man get visitor for en house. E nor won kill en
own animal take kook for di visitor, instead e go take di poor man sheep
take kook for dem."
5 David vex for di rish man well-well kon sey, "I swear with God name,
di man wey do dis tin, must die! 6 E must pay four times for di wiked tin
wey e do."
7 So Natan tell David, "Na yu bi di man and dis na wetin di Oga wey bi
Israel pipol God tok. I make yu king for Israel and I save yu from Saul.
8 I give yu en wifes and kingdom; I make yu king for Judah and Israel. If
dem nor rish for yu, I for still give yu many oda tins. 9 Wetin kon make yu
disobey my kommand? Why yu do dis wiked tin? Yu kill Uriaya for war;
yu allow Ammon sojas kill-am, den yu kon take en wife! 10 Naw, for evry
generashon, yor shidren-shidren go die anyhow, bikos yu nor obey mi kon
take Uriaya wife.
11 "I swear sey I go make somebody for yor family bring trobol kom give
yu. Yu go si am wen I go kollect yor wife from yu kon gi-am to anoda man
and e go sleep with dem for publik. 12 Yu sin for sekret, but I go make dis
tin happen for publik make all Israel pipol si am."
13 So David sey, "I don sin against God."
Natan ansa, "God don forgive yu, so yu nor go die. 14 But bikos yu show
God sey yu dey sorry for wetin yu do, yor pikin go die." Den Natan kon
go en house.

### *David Pikin Die*

15 God kon make di pikin wey Uriaya wife born for David sick well-well.
16 David pray to God make di pikin well. E nor gri chop anytin and evry
nite, e go enter en room liedan for groun. 17 En ofisas for house go meet
am make e for stand up, but e nor gri or chop anytin with dem.
18 Afta one week, di pikin kon die and fear nor let David ofisas tell am
di news. Dem sey, "Wen di pikin dey life, David nor dey ansa us wen wi
tok to am, na how wi go take tell am sey di pikin don die? E fit go wound
ensef o-o!"
19 Wen David si sey dem dey tok to diasef, e kon feel sey di pikin don
die. So e ask dem, "Di pikin don die?"
Dem ansa, "Yes! E don die."
20 So David stand up go baf; e komb en hair kon shange en klot. Den e
go woship for God house. Wen e rish di palis, e ask for food and e chop
am as dem just bring am.
21 En ofisas tell am, "Wi nor undastand dis tin! Wen di pikin dey live,
yu kry for am and yu nor gri chop, but as e just die, yu get up go chop!"
22 David ansa, "Yes! I kry and fast wen e still dey live. I tink sey God go
forgive mi, so dat di pikin nor go die. 23 But naw wen e don die, why I go
dey fast? I go-go where e dey one day, but e nor fit kom meet mi for here
again."

### *Dem Born Solomon*

24 Den David konfort Batsheba en wife. E sleep with am again and e
born boy and David koll am Solomon. God love di pikin 25 and E kommand
Profet Natan make e koll am Jedidaya, bikos God love am.

### *David Win Rabbah*

26 Joab still kontinue en fight against Rabbah wey bi di kapital town for
Ammon and e don dey win am. 27 E send messenjas go meet David sey:
"I don attack Rabbah and I don take-ova where en wota dey kom from.
28 Naw, make yu gada yor oda sojas kon attack di towns, den take am by
yorsef. I nor wont make anybody praiz mi sey na mi win am."

29 So David gada en sojas go attack Rabbah and e win am. 30 David
take gold crown from Ammon pipol juju wey bi "God Milkom" and di gold
heavy rish seventy-five pound and jewel dey inside am too. David take
am kon wear am for en own head. E still karry many tins from di town.
31 David use di town pipol take work well-well with saw, iron hoes and
axe, den e force dem make bricks. Na so e do give di pipol wey dey di oda
towns for Ammon. Den en and en men kon go back to Jerusalem.

# 13

*Amnon And Tamar*

1 King David pikin Absalom get one fine sista wey en name na Tamar.
David get anoda pikin wey bi Amnon wey love Tamar well-well.

2 E love am well-well sotey e kon dey sick, bikos e nor dey possibol for
am to sleep with Tamar. And bikos di girl na virgin, dem nor let am near
any man.

3 Amnon get one wayo friend and en name na Jonadab and na David
broda, Shimei born am. 4 Jonadab ask Amnon, "Wetin make di king pikin
dey vex evry morning? Naw, make yu tell mi wetin dey happen?"

Amnon ansa, "I love Tamar wey bi my half broda Absalom, sista."

5 Jonadab tell am, "Make yu do like sey yu nor well kon go liedan for
bed. If yor papa kom si yu, den yu go tell am sey, 'Abeg, make yu tell
Tamar my sista sey make e kom give mi food. I wont make e make di food
for here where I go dey si am, den serve mi by ensef.' "

6 So Amnon do like sey e nor well kon go liedan for bed. Wen David go
si am, e kon tell di king sey, "Abeg! Make yu tell Tamar make e kom bake
kake for here make I dey si am, den serve mi by ensef."

7 So David send message go meet Tamar for di palis sey, "Make yu go
Amnon house go make food for am." 8 Wen di girl go der, e si Amnon sleep
for en bed, so e take flower kon bake kake for en front. 9 E remove di kake
from di pan kon go give Amnon make e chop, but e nor gri chop, instead e
sey, "Make evribody go outside," den all of dem kon komot. 10 Den Amnon
tell Tamar, "Bring di kake kom give mi for bed, den serve mi by yorsef."
So di girl karry di kake go where e dey. 11 As Tamar dey feed am, at wons
Amnon drag am kon sey, "Make yu kom sleep with mi!"

12 Tamar ansa, "No! Make yu nor force mi do dat kind bad tin wey
dey bring disgrace! 13 How I go take face pipol for publik again? Dem go
disgrace yu for Israel too. So abeg, make yu go tell di king, I dey sure sey
e go give mi to yu as yor wife." 14 Amnon nor gri, but bikos e get pawa
pass di girl, e kon force and sleep with am.

15 Afta Amnon don sleep with Tamar, e kon hate am pass di wey e love
am before. Den e tell am, "Make yu get out komot here!"

16 Tamar kon ansa, "No! For yu to send mi go like dis, na dat crime big
pass di one wey yu don kommit so!"

But Amnon nor gri listin to am. [17] E koll en savant kon tell am, “Make yu
porshu dis woman komot from where I dey! Go trow am outside, den lock
my door!” [18] Di savant push Tamar go outside kon lock di door. Tamar
wear one long gown wey kover evriwhere and wimen wey neva marry
dat time, na dem dey wear am. [19] Den Tamar put shako for en head, tear
en gown kon use en hand kover en face as e dey kry dey go.

[20] Wen Absalom en broda si am, e kon ask, “My sista! Na true sey Amnon
dey with yu since? Abeg, make yu nor let dat one vex yu too mush. Na yor
half broda e bi, so nor tell anybody about am.” So Tamar stay for Absalom
house kon dey vex.

[21] Wen David hear wetin happen, e vex well-well. [22] But Absalom nor
tell Amnon anytin, weda na good or bad, but e kon hate Amnon bikos of
wetin e do to en sista Tamar.

### *Absalom Revensh*

[23] Afta two years don pass, wen Absalom won kut hair komot from en
sheep body for Baal-Hazor, wey dey near Efraim town, e kon invite all di
king sons kom der. [24] E go meet David kon tell am, “My king, I won kut
my sheep hair. Yu fit kom di party with yor ofisas?”

[25] Di king ansa, “No my pikin, if wi kom, di wahala go too mush for yu.”
Absalom still dey beg make di king kom, but e nor gri, instead e sey make
Absalom dey go.

[26] Absalom tell am, “Yu fit let Amnon, my broda kom?” Di king ansa,
“Why yu wont make e kom?” [27] But Absalom kontinue to beg, till David
kon gri make Amnon with en oda brodas go.

Absalom prepare betta party for kings [28] kon tell en savants, “Make una
look, wen Amnon don drink well-well, den if I give di orda, make una
kill-am. Make una nor fear, but get mind, bikos I go take all di blame!”
[29] So en savants do wetin Absalom tok kon kill Amnon. David shidren wey
remain kon klimb dia horse bigin run.

[30] As dem dey road dey go house, news kon rish David sey, “Absalom
don kill all en shidren and no one remain.” [31] Di king stand up, tear en
klot kon use en body nak groun. All en savants wey dey der with am, still
tear dia klot too.

[32] But Jonadab wey bi David broda, Shimei pikin kon sey, “My king,
dem neva kill all yor shidren, na only Amnon dem kill. Yu suppose know
sey Absalom go kill-am, since di time wen e force and sleep with en sista
Tamar. [33] So make yu nor bilive di news sey all yor shidren don die, na
only Amnon dem kill.”

[34] As dis tin happen, Absalom kon run.

Dat time, one soja dey kom from work and e si many pipol dey kom
from di hill for di road wey dem dey pass kom from Horonaim. So e go
meet di king kon tell am wetin e si.

[35] Jonadab tell David, “Just as I tell yu, na yor shidren dem dey kom so.”

[36] As e just tok finish, David shidren kon enter inside. Dem bigin kry
and David with all en ofisas kry well-well too.

[37] Absalom run go meet Geshur king kon stay der with Talmai wey bi
Ammihud pikin. But na evriday David for en son.

[38] Afta Absalom run, e stay Geshur for three years. [39] But wen di king
don forget about Amnon deat, e kon dey hongry to si Absalom again.

# 14

*Absalom Kom Back*

1 Joab know sey David won si Absalom, 2 so e send for one wise woman
for Tekoa. Wen di woman kom, Joab tell am, “Make yu do like sey yu
dey mourn; wear mourning klot kon skata yor hair. Make yu bihave like
woman wey don dey mourn since. 3 Den go meet di king kon tell am wetin
I tell yu,” So, Joab tell am wetin e go tok.

4 Di woman wey kom from Tekoa town, go meet di king, bow kon sey,
“My king! Make yu help mi!”

5 Di king ask am, “Wetin yu wont?”

Di woman ansa, “Oga! I bi poor widow wey en husband don die. 6 I
born two boys and dem kon dey kworel for farm and bikos nobody dey
to hold dem, won kon kill di oda one. 7 And naw, my rilashons sey make
I give dem my pikin wey remain, so dat dem go kill-am, bikos e kill en
broda. If dem do like dis, I nor go get pikin again. Dem go distroy my last
hope and nobody go dey again to ansa my husband name.”

8 So di king ansa, “Make yu dey go yor house and I go take kare of dis
matter.”

9 Di woman wey kom from Tekoa kon sey, “My king! Anytin wey happen,
make dem blame mi, bikos yu and yor royal family dey innocent.”

10 Di king ansa, “If anybody make yu fear, make yu bring am kom meet
mi and e nor go disturb yu again.”

11 Di woman sey, “My king, abeg make yu pray give yor God, so dat my
rilashons nor go kommit di crime wey big pass di first one kon go kill my
oda pikin.”

David ansa, “I use God name take promise sey nobody go tosh yor pikin.”

12 Di woman still sey, “I beg yu, my king! Make I tok anoda tin,” David
ansa, “Okay.”

13 Di woman tell am, “Why yu do dat kind tin to God pipol? Yu neva let
yor own pikin kom back from where e hide put since, so yu don kondemn
yorsef with wetin yu just tok so. 14 One day, all of us go must die, bikos wi
bi like wota wey pour for groun wey dem nor fit gada again. But God nor
dey kill pesin, instead E go tink of how E go take bring di pesin kom back
to ensef.

15 “Naw! My king, di tin wey make mi kom tok to yu bi sey di pipol dey
treaten mi, so I tell mysef sey I go tok to yu and yu go do wetin I ask. 16 I
know sey yu go listin to mi kon save mi from di pesin wey dey try to kill
mi and my pikin, so dat dem go remove us from di land wey God give en
pipol.

17 “Oga, I tok to mysef sey yor promise go make mi dey save, bikos di
king bi like God angel wey know good from bad. Make God wey bi yor
God dey with yu!”

18 Di king ansa, “I won ask yu one kweshon and yu must tell mi di whole
trut.”

Di woman ansa, “My king, make yu ask.”

19 Di king ask, “Nor bi Joab send yu kom?

“Di woman ansa, My king, I use evritin wey dey holy take swear sey, e
nor get how I go take dodge yor kweshon. Na Joab wey bi yor offisa tell mi
wetin I go do and wetin I go tok. 20 But e do am to take solve dis problem.
My king get sense like angel and e know evritin wey dey happen.”

21 So di king koll and tell Joab, “I don gri to do wetin yu wont. So make
yu go look for Absalom kon bring am kom back.”
22 Joab bow for David kon sey, “My king, make God bless yu! Naw, I
know sey yu dey happy with mi, bikos yu gri with wetin I tok.”
23 Den e go Geshur go bring Absalom kom Jerusalem. 24 But di king give
orda sey make Absalom nor stay for di palis. Di king sey, “I nor won si
am.” So Absalom go stay for en own house and e nor kom where di king
dey.

### *Absalom And David*

25 E nor get pesin wey fine rish Absalom for Israel. From en head go rish
leg, evriwhere dey okay. 26 En hair tick and heavy well-well sotey na wons
e dey kut am a year wen e don too long. En hair heavy rish five pounds if
dem use palis standard take measure am.
27 Absalom born three boys and one girl wey dem dey koll Tamar and e
fine well-well.
28 Absalom stay two years for Jerusalem and e nor si di king. 29 Den
Absalom send message go koll Joab make e go meet di king for am, but
Joab nor gri kom. Absalom send for am again and e nor gri kom. 30 So
Absalom tell en savant, “Si, Joab farm near my own and e plant barley
put. Make una go burn am.” So dem kon go burn di field.
31 Joab go Absalom house kon tell am, “Wetin make yor savants burn
my farm?”
32 Absalom ansa, “Bikos yu nor gri kom wen I sey make yu kom. I wont
make yu go meet di king kon ask am: ‘Wetin make mi komot from Geshur
kom stay here? E for betta for mi pass dis place wey I dey so.’ ” Absalom
still sey, “I wont make yu arrange for mi make I si di king and if I dey
guilty, make dem kill mi.”
33 So, Joab go meet David kon tell am wetin Absalom tok. Di king send
message go koll Absalom kom and wen e kom, e bow for di king front, den
di king welkom am with kiss.

# 15

### *Absalom Plan*

1 Afta dis, Absalom make war horse dem for ensef with fifty men wey
go escort am. 2 For early morning, e go-go stand for road near di town
gate and anytime pesin won kom meet di king make e setol dia kworel,
Absalom go koll and ask am where e from kom. And wen di man don tell
am di tribe wey e kom from, 3 Absalom go tell am, “Si, una dey rite for
wetin una dey do, but e nor get anybody wey won ripresent di king make
e for listin to una.” 4 E go sey, “If to sey dem go make mi judge for dis land,
den anybody wey get kworel go kom meet mi and I go make sure sey dem
judge en kase well.”
5 Wen anybody waka go bow for Absalom, e go hold di pesin stand up
kon kiss am. 6 E dey do like dis to evribody for Israel wey dey kom meet di
king make e judge dia matter. Like dis, evribody for Israel kon dey respet
am.
7 Afta four years, Absalom tell en papa David, “My oga, make I go Hebron
go do wetin I promise God. 8 Wen I dey Geshur for Siria, I promise God
sey, if E bring mi kom back to Jerusalem, I go-go Hebron go woship am.”

9 Di king ansa, “Make peace follow yu.” So Absalom kon go Hebron.
10 But e send message go give all di pipol wey dey Israel tribe sey, “If una
hear trumpet sound, den make una shaut, ‘Absalom don bi Hebron pipol
king!’ ” 11 Na two hundred men from Jerusalem, Absalom karry follow
body. Bikos dem nor know wetin Absalom won do, dem kon follow am
with klean mind. 12 As e dey offa sakrifice, e send message go Gilo town
go koll Ahitofel, wey bi one among doz wey dey advise David. Dia plan
against di king strong well-well and doz wey dey follow Absalom kon dey
plenty more.

### *David Run Komot From Jerusalem*

13 One messenja kon go tell David, “All di pipol for Israel dey loyal to
Absalom.”
14 So David tell all en ofisas wey dey with am for Jerusalem, “Make wi
run at wons, so dat Absalom nor go kill us! Make una hurry or e go kom
defeat and kill evribody for di town!”
15 Dem ansa, “Yes o-o, awa king! Wi dey ready to do anytin wey yu tok.”
16 So di king karry all en family pipol with di ofisas kon leave ten of en
girl-friend wey go look di palis. 17 As di king and all en men dey komot
for di palis, dem kon stop for di last house. 18 All di ofisas stand near am
as di royal bodyguard pass go en front.
Di six hundred sojas wey follow am from Gat still pass go en front, 19 den
di king tell Ittai wey bi dia leader sey, “Why yu won follow us go?” Go back
make yu go stay with di new king. Yu bi strenja wey dem porshu komot en
kountry. 20 “E neva too tey wey yu kom here, so wetin go make mi allow
yu sofa with mi? I nor even know where I dey go. So, make yu go back go
meet yor pipol and make God dey kind and trit una well.”
21 But Ittai ansa, “My king, I use God name take swear sey I go follow yu
go anywhere wey yu dey go, even if I go die put.”
22 David ansa, “Okay! Make wi dey go!” So Ittai with en men kon follow
David.
23 All di pipol for di town bigin kry as David with en men dey go. Di king
with en men wey dey follow am kon cross go Kidron Valley as dem waka
face di wildaness.
24 Zadok wey bi di priest with Levi pipol, wey karry di Kovenant Box,
dey der too. Dem put am for groun, offa sakrifice and dem nor karry am
again until all di pipol komot from di town. Even Priest Abiatar dey der
too.
25 Den di king tell Zadok, “Make una karry di Kovenant Box go di town
back. If God dey happy with mi, E go still let mi kom back kom si am for
where e dey. 26 But if E dey vex for mi, make E do wetin E like with mi.”
27 Di king tell Zadok, “Look! Make yu take Ahimaaz yor pikin and
Jonatan wey bi Priest Abiatar pikin kon go di town back with peace. 28 Den
I go dey wait for di river where dem for dey cross go di wildaness until I
hear news from una.” 29 So Zadok and Abiatar karry di Kovenant Box go
Jerusalem kon stay der.
30 David kon go Mount Olives bigin kry. E nor wear any shoe and e
kover en head to show how e nor dey happy. All di pipol wey follow am
still kover dia head as dem dey kry. 31 Wen dem tell David sey Ahitofel
don join Absalom against am, e kon pray, “Oga God, I beg! Make any word
or advise wey Ahitofel tok, dey yuzles!”

32 Wen David rish on-top di hill where e go for fit woship God, en friend,
Hushai wey kom from Ark land, wey David trust well-well, kom meet am.
E wear tear-tear klot kon pak dirty full en head. 33 David tell am, "Even if
yu follow mi, yu nor go fit help mi do anytin, 34 but yu fit help mi, if yu go
di town back go tell Absalom sey yu go dey faithful to serve am just as yu
serve en papa. Den make yu do evritin wey yu fit do against all di advise
wey Ahitofel go gi-am. 35 Zadok and Abiatar wey bi priest go dey der. So
make yu tell dem evritin wey yu hear from di king palis. 36 Ahimaaz and
Jonatan, dia shidren dey der with dem and yu fit send dem with all di
informashon wey yu get kom give mi."

37 So Hushai, wey bi David friend kon go di town back as Absalom just
dey enter.

# 16

*David And Ziba*

1 Wen David don pass di hill small, e kon si Ziba wey bi Mefiboshet
savant. E bring some donkey wey karry two hundred bread and some
kake; one hundred fresh fruit and one leda bag wey wine full.

2 David ask am, "Wetin yu won use all dis tin do?"

Ziba ansa, "Di donkey na for my king, David family, di bread and di fruit na for di men to chop and na di wine dem go drink wen dem don taya for di wildaness."

3 Di king ask am, "Where Mefiboshet, yor masta, Saul grand-pikin?"

Ziba ansa, "E dey for Jerusalem, bikos dem tell am sey Israel pipol go gi-am en grand-papa Saul, kingdom back."

4 Di king tell Ziba, "Evritin wey Mefiboshet get, don turn yor own."

Ziba ansa, "I go always bi yor savant! Make I always dey do wetin dey good for my king eyes!"

*David And Shimei*

5 Wen David rish Bahurim, one Saul relashon wey dem dey koll Shimei
wey bi Gera pikin kom out bigin curse David. 6 Shimei start to stone David,
en ofisas and en bodyguards. 7 Shimei curse am dey sey, "Make yu get
out! I sey make yu dey go! Yu wey kill pipol! Wiked man! 8 Yu take Saul
kingdom and naw, God dey ponish yu for all di pipol wey yu kill for Saul
family. God don give di kingdom to Absalom yor pikin. Yu don fall; yu
wey dey kill pipol anyhow!"

9 Abishai wey en mama name bi Zeruaya kon tell di king, "My king, why
yu dey let dis dog curse yu? Make I go der go kut en head komot!"

10 But di king tell Abishai and Joab en broda, "E nor koncern una. If e
curse mi, bikos God tell am make e curse mi, who get di pawa to ask am
why e dey curse mi?"

11 David tell Abishai and all en ofisas, "My own pikin one kill mi, so why
una dey sopraiz for dis man wey kom from Benjamin tribe? Na God tell
am make e curse mi, so make una leave am make e dey curse. 12 May bi
God go si my sorrow and E go give mi some blessing wey go remove dis
curse."

13 As David and en men dey waka pass, Shimei still follow dem rish di
hill and e dey curse, dey trow stones and dirty for dia body. 14 Di king and

all en men taya well-well wen dem rish Jordan River, so dem kon rest for der.

*Absalom For Jerusalem*

15 Absalom and Israel pipol enter Jerusalem and Ahitofel dey with dem.
16 Wen Hushai, David friend wey e trust well-well si Absalom, e kon shaut, "Di king go live forever! Di king go rule us tey well-well!"

17 Absalom kon ask am. "Wetin happen wey make yu nor dey loyal to yor friend David again? Why yu nor follow am go?"

18 Hushai ansa, "How I go follow am, I dey follow di one wey God choose
for Israel pipol. I go stay with yu. 19 Even sef, na who I go serve, if nor bi
my oga pikin? As I serve yor papa, na so I go take serve yu naw." 20 Den
Absalom tell Ahitofel, "Naw wey wi don dey here, wetin yu advise make wi do?"

21 Ahitofel ansa, "Go sleep with yor papa girl-friends wey e leave for di palis. Den evribody for Israel go know sey yor papa hate yu and doz wey
dey follow yu, go kon get heart." 22 So dem set one tent for di palis roof
for Absalom and for evribody present, Absalom enter kon sleep with en papa girl-friends.

23 Dat time, any advise wey Ahitofel give, David and Absalom dey do as e tok, bikos dem bilive sey God dey tok thru am.

# 17

*Hushai Deceive Absalom*

1 Afta sometaim, Ahitofel tell Absalom, "Make I choose 12,000 men wey
go-go find David dis nite. 2 I go attack am wen e don taya and dey konfuse.
E go fear and all en men go run, den I go kill only di king. 3 I go bring all
en men kon give yu like new wife wey dey go meet en husband. Na only
one man yu won kill and all di rest pipol go dey save." 4 Absalom and all
Israel leaders like di advise.

5 So Absalom sey, "Make una koll Hushai make wi hear wetin e won
tok." 6 Wen Hushai kom, Absalom tell am, "Si di advise wey Ahitofel give us, make wi follow am? If yu nor gri, tell us wetin wi go do."

7 Hushai ansa, "Di advise wey Ahitofel give yu dis time nor good. 8 Yu
know sey, David yor papa and en men strong well-well for fight, like bear for bush wey dey find en pikin. Yor papa na soja wey get sense and e nor
dey stay with en men for nite. 9 E fit hide for kage and oda place dis time.
If David attack and win yor men, anybody wey go hear am go sey, dem
don win una. 10 Den all di men wey dey strong like lion go dey fear, bikos
evribody for Israel know sey yor papa na great soja and en men dey fight well-well.

11 "I dey advise yu sey make yu bring all Israel pipol togeda, even doh dem many like san for wotaside kon skata for evriwhere for di kountry.
Make yu yorsef lead dem go di war. 12 Wi go find and attack David for
anywhere wey e dey, before e go know wetin dey happen. Nobody among
en and en men go survive. 13 If e enter any town, awa pipol go use rope
pul di town fall for di valley. No stone go remain for di hill top."

14 Absalom and Israel leaders kon sey, "Hushai advise betta pass Ahitofel own." God don decide sey dem nor go follow Ahitofel good advise, so dat wahala go follow Absalom.

*David Eskape*

15 Den Hushai tell Zadok and Abiatar wey bi priest about di advise wey
e give Israel leaders and di advise wey Ahitofel give dem. 16 Hushai still
sey, "Make una kwik dey go naw kon tell David make e nor stay for where
e dey dis nite for di desert, but make e cross Jordan River, so dat dem nor
go kill en and en men."
17 Abiatar pikin, Jonatan and Zadok pikin, Ahimaaz bin dey wait for En-
Rogel wotaside wey dey for Jerusalem ending, bikos dem nor fit enter di
town. One girl wey bi savant dey go tell dem wetin dey happen all di
time and dem go-go tell David. 18 But one day, one boy si dem kon go tell
Absalom, so dem kon go hide for one man house for Bahurim. Dem hide
inside di well wey dey en kompond. 19 Di man wife kon use sometin kover
di well, den spread rice put, so dat nobody go know wetin dey der.
20 Absalom ofisas kom di house kon ask di woman, "Where Ahimaaz and
Jonatan?"
Di woman ansa, "Dem don cross di river." Di men look for dem, but
dem nor si dem. So, dem go back to Jerusalem.
21 Afta dem don komot, Jonatan and Ahimaaz kom out from di well go
tell David wetin dey happen. Dem tell am wetin Ahitofel plan against am
kon sey, "Oga, make wi kwik-kwik cross di river." 22 So David and all en
men bigin cross Jordan River before day break.
23 Wen Ahitofel si sey dem nor follow en advise, e enter en donkey go
en own town. Wen e don setol all en matter, e kon hang ensef. Dem beri
am for dia family grave.
24 For di time wey Absalom and Israel pipol cross Jordan River, David
don already rish Mahanaim town. 25 Absalom sey make Amasa take Joab
place as di sojas oga. Amasa na Itra pikin wey kom from Ishmael tribe
and en mama name na Abigail, Nahash pikin. Zeruaya wey born Joab, na
en sista bi Nahash. 26 Absalom and en men kamp for Gilead town.
27 Wen David rish Mahanaim, e si Shobi, Nahash pikin and dem kom
from Rabbah town for Ammon. E still si Makir wey bi Ammiel pikin
wey kom from Lo-Debar and Barzillai wey kom from Rogelim for Gilead.
28 Dem bring basin, pots and bed shit kom gi-am. Dem still bring food:
wheat, barley, grain wey dem roast, beans, peas, honey, cheese, cream
and some sheep kom give David and en men. 29 Dem know sey David
and en men go dey hongry and wota don dey hongry dem since for di
wildaness.

# 18

*Dem Kill Absalom*

1 David gada en men kon divide dem into tazon-tazon and hundred-
hundred, den e put offisa make e dey kommand dem. 2 E divide dem into
three groups kon send dem out. Na Joab, Abishai wey bi Joab broda and
Ittai wey kom from Gat, dey kommand each group. Di king tell en men, "I
go follow una go."
3 But dem ansa. "Yu nor go follow us, bikos e nor go mean anytin to di
enemy if wi wey remain turn and run or even if dem kill half of us, but
only yu bi like 10,000 of us. E go betta make yu stay here dey send help
kom give us."
4 Di king ansa, "Wetin una tink sey dey good pass, naim I go do."

Den e stand near di gate as en men dey go. Hundred-hundred and
tazon-tazon. 5 E give Joab, Abishai and Ittai ordas sey, “Make una nor
tosh Absalom bikos of mi.” And all di sojas hear wen David give en ofisas
dis kommand.
6 David sojas go di kountry on-top di hill and dem fight Israel pipol for
Efraim forest. 7 David men defeat Israel pipol kon kill 20,000 men dat day.
8 Di fight spread go di kountry side and di men wey die for di forest, plenty
pass di ones wey dem kill for war.
9 At wons, Absalom si some of David men. So Absalom enter en horse
dey run and as e dey pass under one big oak tree, di tree branches kon
hook en head and e struggol till e die, bikos di horse run leave am.
10 One among David men si am kon go tell Joab sey, “Awa oga! I si
Absalom hang for one oak tree!”
11 Joab ansa, “If yu si am, why yu nor kill-am for der? I for give yu ten
pieces of silva with belt.”
12 But di man ansa, “Even if yu give mi one hundred pieces of silva, I nor
go use my hand kill di king pikin. All of us hear wen di king dey kommand
yu, Abishai and Ittai sey, ‘Bikos of mi, make una nor tosh or kill Absalom.’
13 But if I nor obey di king kon kill Absalom, di king for hear am, bikos e
dey hear evritin and yu nor for defend mi.”
14 Joab ansa, “I nor go waste time with yu again.” So e take three spear
kon shuk Absalom for chest, even as e dey struggol for di tree wey e hang
put. 15 Den ten of Joab sojas kon follow am kill Absalom.
16 Joab hear as dem blow di trumpet make di fight for stop and en sojas
wey dey porshu Israel pipol kon kom back. 17 Dem karry Absalom body
trowey for one deep pit for di forest kon use many stone kover am. So
Israel pipol kon run go dia house.
18 Wen Absalom dey alive, e build one big house for di King Valley for
ensef. Since e nor born boy pikin wey go ansa en name, e kon give di house
en own name and till today, dem dey koll di house, “Absalom Monument.”

### *Dem Tell David About Absalom*

19 Den Ahimaaz wey bi Zadok pikin kon tell Joab, “Make I run go tell
David di good news sey God don save am from en enemies.”
20 Joab kon sey, “No! Yu nor go tell anybody good news today wey king
pikin die, so make yu wait till anoda day.”
21 Den e tell en savant wey kom from Sudan, “Make yu go tell di king
wetin yu si.” So di savant bow kon run go.
22 Ahimaaz still sey, “I nor dey fear wetin go happen, I go-go tok di news
too.”

Joab ask am, “My pikin, wetin make yu won go tok? Dem nor go give
yu any reward o-o.”
23 Ahimaaz ansa, “Anytin wey won happen, make e happen, I go-go tell
am.”

Joab ansa, “Oya! Make yu go.” So Ahimaaz run from Jordan River Valley
pass di savant for road.
24 David sidan for di space wey dey between di inside and outside gate
for di town. Di guide stand on-top di roof wey dey di gate kon si only one
man dey run kom. 25 E kom down kon tell di king and di king sey, “If na
only en dey kom, e dey bring good news.” Di man still dey run kom.

[26] Den di guide si anoda man dey run kom for di road and e koll di pesin wey dey keep di gate sey, "Si, anoda man dey run kom!"
Di king ansa, "Dis one still dey bring good news too."
[27] Di guide kon sey, "Di first man wey I dey si so, dey run like Ahimaaz."
Di king ansa, "E bi good man and e dey bring good news kom."
[28] Ahimaaz greet di king kon bow for en front sey, "My king! Make yu praiz di Oga wey bi yor God, wey don give yu viktory ova yor enemies!"
[29] Di king kon ask, "Wot of Absalom?"
Ahimaaz ansa, "Oga God! Wen Joab yor offisa send mi, I si big wahala, but I nor fit tok wetin e bi."
[30] Di king kon tell am, "Make yu stand for der!" So Ahimaaz go where e tell am.
[31] Den di Sudan savant kom tell di king, "I get good news for my king! God don give yu viktory against all di pipol wey dey fight yu!"
[32] Di king ask am too, "Absalom still dey life?"
Di savant ansa, "I wish sey wetin happen to am go happen to all yor enemies and all doz wey dey fight yu."
[33] Di king nor kon happy again. So e go di room wey dey di gate side kon bigin kry. As e dey go, e dey kry sey, "O-o! My pikin Absalom! Absalom my pikin, e for betta sey na mi die, instead of yu!"

# 19

### *Joab And David*

[1] Dem kon tell Joab sey David dey kry and mourn for Absalom. [2] So,
instead make di sojas dey happy sey dem win, all of dem kon dey mourn,
bikos dem hear sey di king dey kry for en pikin. [3] Dem kwayet enter di
town with shame like sojas wey dem win for war. [4] Di king kover en face
bigin kry dey sey, "O-o my pikin! O-o my pikin Absalom! Absalom my pikin!"
[5] Joab go di king house kon tell am, "Today, yu don disgrace yor men, di
men wey save yu, yor shidren, wifes and yor girl-friends. [6] Yu dey oppoz
doz wey love yu kon support doz wey hate yu! Yu don make am klear sey
yor ofisas and men know mean anytin to yu. I si sey yu go dey happy if
to sey na wi die and Absalom dey life. [7] Naw, make yu go make yor men
heart strong. I use God name take swear sey if yu know go meet dem, nobody go stay here with yu dis nite. Na dat go bi di worse wahala wey yu go ever si for yor life."
[8] Den di king get up go sidan for di gate. Wen dem tell all di pipol sey di king sidan for di gate, all of dem kon go meet am. But all di men for Israel don go back to dia house.

### *David Go Back To Jerusalem*

[9] All di pipol for Israel kon dey kworel among demsef sey, "King David
save us from awa enemies. E save us from Filistia pipol, but naw, e don
run komot from di kountry bikos of Absalom. [10] Wi anoint Absalom make
e bi awa king, but dem don kill-am for war. So why wi nor go-go bring David back?"
[11] David hear wetin Israel pipol dey tok, so e send Zadok and Abiatar
wey bi priest make dem go ask Judah leaders, "Why una go bi di last to go
bring di king kom back to en palis? [12] Na una bi my relashon, my flesh and
blood, why una go bi di last tribe wey go bring mi kom back?" [13] David

still tell dem make dem tell Amasa, "Una bi my own relashon, from today
go, I dey put yu for Joab place make yu rule my sojas. Make God ponish
mi if I nor do wetin I tok!"
14 So wetin David tok, enter Judah men heart and dem obey am kon send
message go meet en and all en ofisas make dem kom back. 15 Wen David
dey go back, e kon si Judah men for Jordan River and dem kom Gilgal kon
escort am cross di river.

### *David And Shimei*

16 For dat time, Shimei from Benjamin tribe wey bi Gera pikin wey dey
stay Bahurim kon run go Jordan River go meet David. 17 E take 1,000 men
from Benjamin tribe, Ziba wey bi savant for Saul family, en fifteen sons
and twenty savants go meet di king for Jordan River. 18 Dem escort di king
and en pipol cross di river and dem do evritin wey di king wont. As di king
won cross, Shimei fall for di king front 19 kon sey, "My king, abeg, make
yu forget all di bad tins wey I do dat day wey yu komot from Jerusalem,
nor kount am against mi or tink am at-all. 20 My oga, I know sey I don sin
and na dis make mi bi di first pesin from Josef tribe wey kom meet yu, my
king."
21 Abishai wey bi Zeruaya pikin kon sey, "Make dem kill Shimei, bikos e
curse di pesin wey God choose to bi king."
22 But David tell Abishai and Joab en broda, "Who make una judge? Yu
won give mi trobol? Na mi bi Israel pipol king naw and nobody go kill
Israel pesin today," 23 Den e tell Shimei, "I promise yu sey nobody go kill
yu."

### *David And Mefiboshet*

24 Den Mefiboshet wey bi Saul grand-pikin, kom meet di king. E neva
wosh en leg; kut en hair or wosh en klot since di time wey di king
komot from Jerusalem till naw wey e dey kom back with viktory. 25 Wen
Mefiboshet meet di king from Jerusalem, di king tell am, "Mefiboshet, why
yu nor follow mi go?"
26 E ansa, "My king, yu know sey I nor fit waka. I tell my savant make
e karry mi for donkey follow yu, but e run leave mi. 27 E tell di king lie
about mi, but yu bi like God angel, so make yu do wetin dey good for mi.
28 E good make di king kill all my papa family pipol, but yu give mi pawa
make I take chop for yor tabol. I nor get rite to ask for any oda tin from
di king again."
29 Di king ansa, "Make yu nor tok again. I don tok before sey, yu and
Ziba go divide Saul propaty."
30 Mefiboshet ansa, "Make Ziba take evritin! My king, as yu kom house
save, dat one don do for mi."

### *David And Barzillai*

31 Barzillai wey kom from Gilead still kom from Rogelim make e for
escort di king cross Jordan River. 32 Dat time, Barzillai na eighty years; e
get money well-well and e feed di king wen e dey for Mahanaim. 33 So di
king tell am, "Make yu follow mi go Jerusalem and I go kare for yu."
34 But Barzillai ansa. "I nor go dey dis life tey again, why I go follow my
king go Jerusalem? 35 I don old rish eighty years and nor-tin dey make mi
happy again, I nor dey taste or enjoy wetin I dey chop or drink and I nor
dey hear pipol wen dem dey sing again. So if I follow yu go, na wahala I

go just bi to yu. 36 Dat kind big reward nor fit mi. So I go follow yu pass
Jordan River small. 37 Make yu let mi go house go die near my papa and
mama grave. Si Kimham my pikin, make e serve yu. My king, make e
follow yu, den do wetin yu know sey dey good for am."
38 Di king ansa, "I go take am follow body kon do wetin yu wont for am.
I go do anytin wey yu ask."
39 Den David and all en men cross Jordan River. E kiss and bless Barzillai
and Barzillai kon go back to en house.

### *Judah And Israel*

40 Wen all di men for Judah and half of di men for Israel don escort di
king cross, David kon go Gilgal. Kimham wey bi Barzillai pikin, follow am
go.
41 Den Israel pipol go meet di king kon sey, "Awa king, wetin make awa
brodas for Judah hide escort yu, yor family and yor men cross Jordan
River?"
42 Judah men ansa, "Wi do am, bikos di king na one of us. So, wetin
make una dey vex? Nor bi sey e don pay for awa food or give us anytin."
43 Israel pipol ansa, "Even doh David bi one of una, wi get am ten times,
pass as una get am. Why una dey look us like sey wi bi small pikin or sey
wi nor mean anytin? Make una nor forget sey, Na wi first sey make dem
bring di king kom back!"
But wetin Judah men dey tok, strong pass di mout wey Israel men dey
make.

## 20

### *Sheba Fight*

1 E get one man for Gilgal wey dem dey koll Sheba, na Bikri bi en papa
wey kom from Benjamin tribe. E blow trumpet take koll di pipol kon sey,
"Make David get out!
Wi nor go follow am again!
Israel men, make wi dey go awa house!"
2 So Israel pipol leave David kon follow Sheba, but Judah men obey and
follow David from Jordan River go Jerusalem.
3 Wen David rish en palis for Jerusalem, e take en ten girl-friends wey
e leave make dem kare for di place kon sey make dem guide dem. E give
dem evritin wey dem wont, but e nor sleep with dem. And still dem die, e
keep dem like wimen wey dia husband don die.
4 Di king tell Amasa, "Make yu koll all Judah men kom meet mi di day
afta tumoro." 5 So Amasa go koll dem, but e nor kom back wen di king sey
make e kom.
6 So di king tell Abishai, "Sheba go give us wahala pass Absalom. So
make yu take my men go fine am or e go enter some town wey dem dey
guide well-well kon run from us." 7 So Joab men, di king bodyguard and
all di oda sojas komot from Jerusalem with Abishai go find Sheba.
8 Wen dem rish di big rock for Gibeon, Amasa kon si dem. Joab wear en
war klot kon tie e swod with en belt. As e waka go front small, en swod
kon fall.
9 Joab kon tell. Amasa, "My friend, how yu dey?" E kon hold en hair
with en rite hand like sey e won kiss am. 10 Amasa nor protet ensef against
di swod wey Joab hold for en oda hand, so Joab shuk am for belle and en

intestine kom out. Amasa just die at wons and Joab nor nid to shuk am
again. Den Joab and Abishai, en broda kon go find Sheba.
11 One of Joab men stand near Amasa dead body bigin shaut, "All di
pipol wey dey Joab and David side, make una follow Joab!" 12 Amasa body
dey di road centre and en blood spread around am. Wen Joab men si sey
evribody dey stop wen dem si di body, dem drag di body enter di bush
korna kon kover am with klot. 13 Wen dem don remove di body from di
road, evribody kon follow Joab porshu Sheba.
14 Sheba run pass all Israel pipol aria go Abel-Bet Maaka town and all
di pipol for Bikri village gada follow am enter di town. 15 Wen Joab men
hear sey Sheba dey der, dem kon build tick wall round di town, so Joab
men kon bigin dig di wall so dat e go skata fall. 16 E get one woman wey
get sense well-well for di town, so e shaut from di wall sey, "Make una
listin! Make una listin! Make una tell Joab make e kom here, bikos I won
tok to am." 17 Joab go meet am and di woman sey, "Na yu bi Joab?"

E ansa, "Yes, na mi."

E sey, "My oga, make yu listin to mi."

Joab ansa, "I dey listin."

18 Di woman sey, "Before-before, dem bi dey sey, 'Go get yor ansa for
Abel town' and dat na di only tin wey dem sabi do. 19 Awa town na big
one wey get peace and pipol dey respet us for Israel. Why yu won distroy
am? Yu won skata wetin bi God own?"
20 Joab ansa, "No o-o! I nor go fit distroy una town! 21 Nor bi awa plan bi
dat. One man wey dem dey koll Sheba wey bi Bikri pikin, wey kom from
Efraim hill kountry, naim start di fight with King David. If una bring dis
man kom out, I go leave una town."

Di woman kon sey, "Wi go trow en head pass di wall kon give una naw-naw."

22 Den e go meet di town pipol with en plan, so dem kut Sheba head kon
trow am go give Joab for di oda side for di wall. Joab blow en trumpet
take tell en men sey make dem leave di town and dem kon go house go
meet di king for Jerusalem.
23 Na Joab dey kommand Israel pipol soja, while Benaya wey bi Jehoiada
pikin dey kontrol David bodyguard. 24 Adoniram dey kontrol doz wey dey
work and na Jehoshafat wey bi Ahilud pikin, dey keep di rekord. 25 Na
Sheva bi di kourt seketry, while Zadok and Abiatar na priests 26 and Ira
wey kom from Jair town still dey among David priests.

# 21

### *Dem Kill Saul Grand-shidren*

1 Wen David bi king, strong honga kon dey and e last for three years. So
David ask God and E ansa am sey, "Saul and en family dey guilty, bikos
dem kill pipol. Dem kill Gibeon pipol."
2 Gibeon pipol nor dey join Israel pipol; dem bi small tribe for Amor wey
Israel pipol promise sey, dem go protet, but Saul don try to distroy dem,
bikos of en love for Judah and Israel pipol. 3 So David koll Gibeon pipol
kon tell dem, "Wetin I go fit do for una? I won do good for di bad tins wey
dem don do una, so dat una go bless God pipol."
4 Dem ansa, "Di kworel wey wi get with Saul, dem nor fit setol am with
silva and gold and wi nor won kill any Israel pesin."

So David ask dem again, "Wetin una wont make I do for una?"
5 Dem ansa, "Saul won distroy all of us komot from Israel. 6 So make yu
give us seven of en grand sons and wi go hang dem give God for Gibeah,
wey bi Saul, di king wey God choose town."

Di king ansa, "I go give una."

7 But bikos of di holy promise wey en and Jonatan don make give diasef,
David nor kill Jonatan pikin wey dem dey koll Mefiboshet, wey bi Saul
grand-pikin. 8 But e take Armoni and Mefiboshet, di sons wey Rizpah born
for Saul and na Aiaya bi Rizpah papa. E still take Saul dota, Merab five
sons; den Barzillai wey kom from Meholah, di king take en pikin, Adriel.
9 David give dem to Gibeon pipol and dem kon hang dem give God for
di mountin. Dis tin happen before dry sizin start and dem won start to
harvest barley.

10 Den Saul girl-friend, Rizpah, wey Aiaya born kon use sak klot take
make house for ensef for where di dead body dem dey and e stay der
from harvest time go rish wen heavy rain start to fall. E go drive birds
komot from di dead body for day time kon keep dem from bad animal
for nite. 11 Wen David hear wetin Rizpah do, 12 e kon go kollect Saul and
Jonatan en pikin bones from Jabesh pipol for Gilead. (Dem bin karry dem
form Bet-Shan for where dem hang dem put afta Filistia pipol kill Saul
for Mount Gilboa.) 13 David karry Saul, Jonatan and di seven men wey
dem hang bones, 14 den e beri Saul and Jonatan bones for Saul papa, Kish,
grave for Zela wey dey Benjamin aria and di pipol do evritin wey di king
kommand. Afta evritin wey dem do, God kon ansa Israel pipol prayer.

### *War Against Filistia Pipol*

15 Israel and Filistia pipol bigin fight again, so David with en men go
fight dem. As dem dey fight, David kon taya well-well to fight. 16 One giant
wey dem dey koll Ishbi-Benob, wey karry bronze spear wey heavy rish
seven and half pounds with new swod kon tink sey e fit kill David. 17 But
Abishai, Zeruaya son, run kom help David attack di giant kon kill-am. Den
David men kon sey make David promise dem sey e nor go follow dem go
fight war again. Dem sey, "Na yu bi di hope wey Israel get and wi nor won
luz yu."

18 Afta dat one, dem fight with Filistia pipol for Gob and Sibbekai wey
kom from Hushah kill one giant wey dem dey koll Saf.

19 Dem still fight with Filistia pipol for Gob again and Elhanan, Jair pikin
wey kom from Betlehem kon kill Goliat wey kom from Gat. En spear mout
tick rish di shaft wey dem take dey weave klot.

20 Dem fight again for Gat and e get one giant for der wey like fight well-
well. E get six finger for en hand and leg. 21 E trobol Israel pipol well-well,
so Jonatan wey bi David broda Shimei pikin kon kill-am.

22 Dis four men na Gat giant grand-shidren and na David and en men
kill dem.

## 22

### *David Song*

1 David sing dis song afta God save am from Saul and en enemies:

2 "Na di Oga awa God dey protet mi;
Na-im dey diliver mi.

3 Na God dey protet and
save mi.
Na-im bi my shield and E dey defend mi.
E dey protet and save mi from danger.
4 I go praiz God, bikos wen ever I koll am,
E dey save mi from my enemies!
5 Deat dey round mi;
e bi like sey dem go soon distroy mi.
6 Deat really dey around mi
and grave set trap for mi.
7 Wen I dey trobol, I koll Oga God;
I koll my God make E help mi.
E hear my vois for en temple
kon listin and help mi wen I dey kry.
8 Den di eart bigin shake dey fear,
di sky foundashon bigin shake too,
bikos God bin dey vex!
9 Smoke dey kom out from en nose,
while fire and shako dey kom out from en mout.
10 E tear di sky open kon kom down
with one black kloud for en leg.
11 E dey fly with en shariot for heaven;
E dey travel with di wind.
12 E kover ensef with darkness
and tick kloud wey wota full dey round am.
13 Shako with fire dey kom out
for en front.
14 Oga God dey bring tonda from di sky
and evritin dey hear
wen God wey get pawa dey tok.
15 E shot en arrow take skata en enemies.
E use strong lite take make dem run.
16 Di river dry finish
and di eart foundashon kon open
so God nor keep silent
and E kon shaut for en enemies with vexnashon.
17 God kom down from heaven kon hold mi.
E draw mi komot from di wota wey deep well-well.
18 E save mi from my strong enemies
and all di pipol wey hate mi,
bikos dem too strong for mi.
19 Wen I dey trobol, dem attack mi,
but God protet mi.
20 Bikos E dey happy with mi,
E help mi wen I dey trobol kon save mi.
21 God reward mi, bikos I do wetin dey rite.
E bless mi, bikos I dey innocent.
22 I don obey God law;
I neva turn from my God before.
23 I don keep all en laws;
I neva disobey en kommand.

24 E know sey I nor get fault
and I nor dey do bad tins.
25 So E reward mi,
bikos I dey do wetin dey rite,
bikos E know sey I dey innocent.
26 My Oga God, Yu dey faithful
to doz wey dey faithful to Yu
and Yu dey good to pipol wey dey good.
27 Yu dey pure to doz wey dey pure,
but Yu show wikedness to wiked pipol.
28 Yu dey save pipol wey dey honbol,
but Yu dey honbol pipol wey dey proud.
29 Oga God! Na Yu bi my lite;
Yu don remove my darkness.
30 Yu give mi pawa take attack my enemies
kon ovakom dem.
31 Di tins wey dis God dey do, dey pafet.
Make wi trust en words!
E dey kover pipol
wey wont make E protet dem.
32 Na di Oga bi God
and na only God dey defend us.
33 Na inside God I hide put;
E dey make my road save.
34 E make my foot dey save like deer
kon keep mi save for di mountin.
35 E dey train mi for war,
so dat I go use di bow wey strong well-well.
36 My Oga God! Yu protet and save mi;
Yu don make mi great.
37 Yu keep mi, so dat dem nor go katch mi
and I nor fall.
38 I porshu and defeat my enemies;
I nor stop till I distroy dem finish.
39 I nak dem fall and dem nor fit stand again,
bikos I defeat dem.
40 Yu give mi pawa for war
and viktory ova my enemies.
41 Yu dey make my enemies run from mi
and I distroy doz wey hate mi.
42 Dem dey look for help,
but nobody dey to save dem.
Dem koll God, but E nor ansa dem.
43 I skata and turn dem to san.
I dey waka on-top dem like mud for street.
44 Yu save mi from my own pipol wey fight mi
kon make mi dey always rule di nashons
and even pipol wey I nor know,
dey under mi.
45 Doz wey kom from anoda land
dey bow for mi

and wen dem si mi,
dem dey obey.
46 Anywhere wey dem hide put,
dem dey run komot der,
bikos dem dey fear.
47 God go dey forever!
Make wi praiz di Pesin wey dey defend mi!
Make una tok how God wey save mi strong rish!
48 E give mi viktory ova my enemies
kon put di nashons under mi.
49 My Oga God! Yu save mi from my enemies
kon give mi viktory
and protet mi from wiked men.
50 So, I dey praiz Yu among all di nashon;
I go sing praiz Yu.
51 God dey give en king great viktory.
E dey always show love
to di pesin wey E choose
and na mi, David with my shidren-shidren
go rule forever."

# 23

*David Last Word*

1 David wey bi Jesse pikin, na God make am great well-well. Na dis pesin,
Jakob God choose as king and na-im rite betta songs for Israel pipol. Dis
na di last words wey David tok:
2 "God Spirit dey tok thru mi;
en message dey for my lip.
3 Israel God don tok,
di Pesin wey dey protet Israel tell mi sey:
'King wey dey rule well
and fear God,
4 bi like sun wey shine
for morning;
di sun wey dey make grass shine
afta rain don fall put.'
5 Na so God go take bless my shidren-shidren,
bikos E don make kovenant
wey go last forever with mi:
agriment wey nor dey break
and promise wey nor dey shange.
Na wetin go give mi viktory bi dat
and God go make am happen.
6 But doz wey nor know God bi like shuku-shuku wey dem trowey;
nobody fit tosh dem with ordinary hand,
7 instead, pesin must use iron
or spear take gada and burn dem."

*David Sojas*

8 Dis na David sojas wey get pawa well-well:

Di first one na Josheb-Basshebet wey kom from Tahkemon and naim bi
di leader for, "Di Three", e fight with eight hundred men and e kill dem
for one war.
9 Di sekond one for Di Three wey get pawa, na Eleazar wey bi Dodo
pikin from Ahohi family. One day, en and David shalenge Filistia pipol
wey gada for war, even wen Israel pipol run go back, 10 e stand fight till en
hand bigin pain am and en swod kon gum en hand. God give dem viktory
dat day. Wen Israel pipol go meet Eleazar afta di fight, di only tin wey
remain for dem to do, na to kollect all di tins wey Filistia sojas die leave.
11 Di third one for Di Three wey get pawa, na Shammah wey bi Agee
pikin wey kom from Harar. Wen Filistia pipol gada for Lehi where dem
plant peas put, Israel pipol run from dem, 12 but Shammah nor run and e
fight and kill all of dem. God give dem viktory dat day.
13 Wen di time to harvest don rish, three out of "Di Thirty" kon go
Adullam Kave where David dey and many Filistia pipol kamp for Refah
Valley. 14 Dat time, David dey for one hill wey dem guide, while some
Filistia pipol don take-ova Betlehem. 15 For dat time, David dey hongry for
wota so e sey, "How I wish somebody fit bring wota kom give mi make I
drink from di well wey dey near di gate for Betlehem!" 16 Di three sojas
wey get pawa well-well kon force demsef pass Filistia pipol kamp and dem
draw wota from di well kon go give David. But e nor gri drink am; instead,
e pour am as ofrin for God 17 kon sey, "Oga God, I nor fit drink dis wota!
E go bi like sey I dey drink dis pipol blood wey risk dia life!" So e nor gri
drink am.
18 Joab broda, Abishai wey dia mama na Zeruaya, na leader for di three.
E use en spear take fight against three hundred men kon kill dem and en
name dey famous among di three. 19 Na-im dem know pass among "Di
Thirty" and e bi dia leader, but e nor dey popula rish "Di Three."
20 Benaya, wey bi Jehoiada pikin, wey kom from Kabzeel, na anoda
popula soja. E do many strong tins kon kill two men among Moab strong
sojas. One day, e still waka enter one pit go kill lion. 21 One day, Benaya
attack and kill one Egypt man wey tall well-well and hold spear for hand.
E use di man spear take kill-am. 22 Dat na some of di tins wey Benaya wey
bi one among "Di Thirty" do. 23 E get pawa well-well, but e nor popula
rish "Di Three." David make am leader among en bodyguards. 24 Odas for
"Di Thirty"

na Asahel wey bi Joab broda;
Elhanan wey bi Dodo pikin, wey kom from Betlehem;
25 Shammah
and Elika wey bi Harod pipol;
26 Helez wey bi Paltite pesin;
Ira wey bi Ikkesh pesin and e kom from Tekoa;
27 Abiezer wey kom from Anatot;
Mebunnai wey bi Hushah pesin;
28 Zalmon wey bi Ahohi pesin;
Maharai wey bi Netofat pesin;
29 Heled wey bi Baanah pikin wey kom from Netofat;
Ittai wey bi Ribai pikin wey kom from Gibeah for Benjamin tribe;
30 Benaya wey bi Piraton pesin;
Hiddayi wey kom from Wadis for Gaash;

31 Abi-Albon wey bi Arbat pesin;
Azmavet wey kom from Barhum,
32 Eliahba wey bi Shaalbon pesin
and na Jashen born am
Jonatan wey bi; 33 Shammah from Harar pikin;
Ahiam wey bi Sharar pikin from Harar,
34 Elifelet, Ahasbai pikin wey kom from Maakat;
Eliam wey bi Ahitofel pikin from Gilo;
35 Hezro from Karmel;
Paarai from Arb,
36 Igal, Natan pikin wey kom from Zobah;
Bani from Gad;
37 Zelek wey kom from Ammon,
Naharai from Beerot, na-im dey karry Joab wey bi Zeruaya pikin swod and spear;
38 Ira and Gareb wey kom from Jattir
39 and Uriaya wey bi Hit pesin.
All of dem na thirty-seven.

# 24

*David Kount Di Pipol*

1 God kon dey vex for Israel pipol again and E make David bring trobol kom meet dem. God tell am, "Make yu go kount Israel and Judah pipol."

2 So David orda Joab wey bi di sojas oga, "Make yu go round Israel tribe with yor ofisas; from one end to anoda for di kountry kon kount di pipol. I won know how dem plenty rish."

3 But Joab ansa di king, "My king, make di Oga wey bi yor God make dem plenty hundred times pass as dem bi naw and yu go leave long kon si wen E go do am, but wetin make di king won kount di pipol?"

4 But di king make Joab and en ofisas obey en kommand, den dem komot go kount Israel pipol.

5 Dem cross Jordan River go kamp for di sout-side for Aroer land, di town for di valley wey dey Gad aria centre. From der, dem go di nort side
for Jazer and 6 from der, dem kon go Gilead and Kadesh for Het aria. Den
dem go Dan and from Dan, dem kon go west for Sidon side. 7 Dem go di
sout-side for Tyre town wey dem fence kon rish all Hiv and Kanaan pipol town and dem stop for Beersheba for Judah sout.

8 So wen dem don waka for nine monts and twenty days, dem kon kom back to Jerusalem, bikos dem don travel round di kountry.

9 Dem tell di king about all di men wey fit do soja work and dem bi 800,000 from Israel and 500,000 from Judah.

10 But wen David don kount di pipol finish, en heart kon dey judge am, den e tell God, "I don kommit big sin for dis tin wey I do! Abeg, make Yu forgive mi. Na foolish tin I do so."

11 Den God tell Gad wey bi David profet, "Go tell David sey I dey gi-am
three tins and make e choose one of dem 12 and I go do anytin wey e
choose."

Wen David wake-up di next day, 13 Gad go meet and tell am wetin God
tok, so e kon ask, "Wish one yu wont make God do? Three years wey honga go dey di land; three monts wey una go take run from una enemies

or three days wey bad sickness go dey yor land? Naw, make yu tink am
kon tell mi di ansa wey I go-go give God.”

14 David ansa, “I dey for bad kondishon, but I nor wont make men ponish
mi, instead make only God ponish us, bikos E get mesi.”

15 So God kon send bad sickness kom Israel, wey last from dat morning
go rish di time wey E choose. From one end go rish di oda end for di
kountry, na 70,000 pipol die for Israel. 16 Wen Oga God angel won distroy
Jerusalem, God kon shange en mind sey E nor go ponish di pipol again, so
E tell di angel wey dey kill dem, “Make yu stop! E don do!” Dat time, di
angel dey Araunah wey bi Jebus pesin farm.

17 David si di angel wey dey kill di pipol and e tell God, “Na mi dey guilty,
na mi bi di pesin wey do wrong. Wetin dis poor pipol do? Make yu ponish
mi and my family.”

18 Dat day, Profet Gad go meet David kon tell am, “Make yu go Araunah
farm kon build altar for der for di Oga yor God.” 19 David obey and e do
evritin wey Profet Gad tell am. 20 Wen Araunah look kon si di king and
en ofisas dey kom meet am, e liedan for groun for David front 21 kon ask,
“My king, why yu kom here?”

David ansa, “I kom buy yor farm make I for build altar put for God, so
dat di sickness go stop.”

22 But Araunah ansa, “My king, make yu take am! Make yu use am do
anytin wey yu like kon burn dis melu give God for di altar. Make yu use
dia yoke and dis firewood for di ofrin.” 23 Araunah give di king evritin
kon sey, “Make di Oga wey bi yor God asept yor ofrin.”

24 But di king ansa, “No! I nor go fit give di Oga my God, sakrifice wey I
nor pay anytin for.”

So e buy di farm and di melu for fifty silva koins. 25 Den e build altar
for der kon give God burnt and fellowship ofrin. So God ansa en prayer
and di sickness for Israel kon stop.

# First Kings

*Wen David Don Old*

1 Naw, David don old well-well and even wen dem kover am with klot,
kold go still dey katch am. 2 So en ofisas tell am, “My king, make wi find
one yong woman wey neva sleep with man before. E go dey sleep near yu
and yor body go dey warm.”
3 Dem find evriwhere for Israel and dem si one fine girl kon karry am
go meet di king, Di girl kom from Shunem and en name na Abishag. 4 Di
girl fine well-well, e dey kare and serve di king, but David nor sleep with
am.

*Adonijah*

5 For dat time, Adonijah wey Haggit born for David kon dey boast dey
sey, “Na mi go bi king!” So e buy plenty horse with pipol wey go dey drive
dem and with fifty men wey dey escort am. 6 (David neva even ask or
korrect am wons sey, “Wetin make yu dey bihave like dis?” Adonijah na
very fine man too and naim dem born follow Absalom.)
7 E follow Joab wey Zeruaya bi en mama and Abiatar wey bi di priest
plan and dem kon gri to support am. 8 But Zadok wey bi priest, Benaya
wey bi Jehoiada pikin, Natan di profet, Shimei, Rei and David bodyguard,
nor gri support am.
9 One day wey Adonijah go sakrifice sheep and fat melu to God on-top
di Snake Stone (Zohelet Stone) near En-Rogel wotaside, e invite di oda
shidren wey David born and di ofisas wey kom from Judah make dem
kom di sakrifice, 10 but e nor invite Solomon wey bi en half broda, Natan
di profet or Benaya and di king bodyguards.

*David Make Solomon King*

11 Den Natan go meet Batsheba wey bi Solomon mama kon ask, “Yu
neva hear sey Haggit pikin, Adonijah, don make ensef king? And David
nor know anytin about am! 12 If yu won save yor life and Solomon own, I
go advise yu sey, 13 make yu go meet David kon ask am, ‘My king, yu nor
promise mi sey, Solomon my pikin go bi king? How kom Adonijah kon bi
king naw?’ ” 14 Natan still sey, “As yu still dey tok to di king, I go kom
inside kon tell am sey na true yu dey tok.”
15 So Batsheba go meet David for en room, e don old well-well and di
girl Abishag wey kom from Shunem dey kare for am. 16 Batsheba bow for
di king front and di king kon ask am, “Wetin yu wont?”
17 E ansa, “My king, yu use di Oga yor God name take promise mi sey
‘Yor pikin, Solomon go bi king afta mi and e go sidan for my throne.’ 18 But
Adonijah don make ensef king and yu nor know anytin about am. 19 E don
use many goat, sheep and fat melu take do sakrifice and e invite Abiatar di
priest, yor shidren and Joab wey dey kommand yor sojas, but e nor invite
Solomon. 20 My king, Israel pipol dey wait make yu tell dem who go bi
king afta yu. 21 If yu nor tok, as yu just die, dem go trit mi and my pikin
Solomon, like bad pipol.”

22 As Solomon mama still dey tok to di king, Natan kon kom di house.
23 Dem tell di king sey, "Natan wey bi profet dey der." Natan enter di room
kon bow for di king front.

24 Natan sey, "My king, yu don announce sey na Adonijah go bi king
afta yu? 25 Bikos, today, e don use many sheep, goat and fat melu take
do sakrifice. E invite all yor shidren, Joab wey dey kommand yor sojas
and Priest Abiatar and as wi dey tok so, dem dey do party dey shaut sey,
'Adonijah, yu bi king! Make yu live forever!' 26 But e nor invite mi, Priest
Zadok, Benaya and yor savant Solomon. 27 My oga know all dis tins and
yu nor even tell yor ofisas who go bi king afta yu?"

28 David ansa, "Make yu tell Batsheba make e kom inside," so di woman
kom kon stand for di king front.

29 Den e tell am, "God wey save mi from all my trobols, I use en name
take promise yu 30 sey, I go keep di promise wey I make with Israel God
name sey, na Solomon go bi king afta mi."

31 Batsheba bow kon sey, "Make my oga, di king live forever!"

32 Den David sey make dem koll Zadok, Natan and Benaya. Wen dem
enter, 33 e tell dem, "Make una take my ofisas follow body; make Solomon
my pikin ride my horse, den una escort am go Gihon wotaside, 34 where
Natan and Zadok go anoint am as Israel king. Den make una blow di
trumpet kon shaut, 'Solomon, yu bi king! Make yu live forever!' 35 Make
una follow am kom back kon sidan for my throne. E go bi king afta mi,
bikos naim I don choose to rule Israel and Judah pipol."

36 Benaya ansa, "I go do as yu tok and make God wey bi yor God asept am
as king! 37 As Oga God don dey with awa king, make E dey with Solomon
and make E prosper am, pass yu."

38 So Zadok di priest, Natan di profet, Benaya and di royal bodyguards
kon put Solomon for David horse and dem escort am go Gihon wotaside.
39 Zadok karry di olive oil wey e bring from Tabanako kon use am anoint
Solomon. Dem blow di trumpet and all di pipol kon shaut, "Solomon, na
yu bi king! Make yu live forever!" 40 Den all of dem follow am go back
dey happy, dey shaut, blow flute, dey make plenty nois and di groun kon
dey shake.

41 As Adonijah with all di pipol wey e invite dey finish dia party, dem
kon hear di nois. Wen Joab hear di trumpet, e ask, "Wetin dey bring dat
kind nois for di town?"

42 Before e tok finish, Jonatan wey bi Priest Abiatar pikin kon enter.
Adonijah sey, "Make yu kom inside. Yu bi good man, na betta news yu go
dey bring so."

43 Jonatan ansa, "Nor bi as yu wont am, bikos David don make Solomon
king. 44 E send Zadok, Natan, Benaya and di palis bodyguard make dem
put am for en horse kon escort am, 45 den Zadok and Natan anoint am for
Gihon wotaside as king. So pipol enter town bigin shaut dey happy and
na dat bi di nois wey yu dey hear so. 46 Na Solomon bi king naw. 47 Di
one wey worse pass bi sey, all di ofisas go meet David kon tell am, 'God go
make Solomon dey great pass yu and en reign go pass yor own ten times.'
Den King David bow woship God from en bed 48 kon pray sey, 'Make wi
praiz di Oga wey bi Israel pipol God, wey don make one of my pikin take
my place as king and E make mi dey alive to si am!' "

49 Den doz wey Adonijah invite kon dey fear and all of dem stand up
bigin go one-by-one. 50 Adonijah kon dey fear Solomon so e go di tent for
God present kon hold di horn wey dey di altar. 51 Dem tell Solomon sey,
bikos Adonijah dey fear am, e go hold di horn wey dey di altar kon sey, "I
wont make Solomon swear for evribody present sey e nor go kill mi."
52 Solomon ansa, "If e go respet mi, I nor go even tosh one hair for en
head, but if e nor respet mi, I go kill-am." 53 Solomon send dem go koll
Adonijah from di altar. Adonijah go meet am kon bow for en front, so di
king kon tell am sey make e dey go en house.

# 2

### *David And Solomon*

1 Wen David won die, e koll en pikin Solomon kon advise am sey:
2 "I go soon die, so make yor heart strong 3 kon do evritin wey di Oga
yor God kommand yu. Make yu obey en laws and kommand, just as Moses
rite dem, so dat yu go prosper for evriwhere and anytin wey yu dey do.
4 If yu obey dem, God go keep en promise wey E make wen E tell mi sey,
'My shidren-shidren go rule Israel as long as dem dey obey my kommand
with all dia heart and soul.'
5 "E still remain one tin: yu remember wetin Joab do mi wen e kill two
kommander for Israel sojas, Abner wey bi Ner pikin and Amasa wey bi
Jeta pikin. E pritend kill dem like sey dem dey fight and dat time peace
dey evriwhere, kon stain en belt and sandals with innocent blood. 6 Yu
know wetin yu go do, make yu sofa am well-well until e die.
7 "But make yu dey kind to Barzillai shidren wey kom from Gilead kon
kare for dem, bikos dem dey kind to mi wen I dey run from Absalom, yor
broda.
8 "E still get Shimei wey bi Gera pikin, wey kom from Bahurim town
for Benjamin tribe. E curse mi well-well di day wey I go Mahanaim, but
wen e si mi for Jordan River, I use God name take promise am sey I nor
go kill-am. 9 But naw, nor si am as innocent pesin. Yu bi man wey get
wisdom, yu know wetin yu go do am. Make sure sey dem kill-am."

### *David Die*

10 David die and dem beri am for David Town. 11 E rule Israel for
forty years kon rule seven years from Hebron and thirty-three years from
Jerusalem. 12 Solomon take-ova from en papa as king and God make en
kingdom strong.

### *Adonijah Die*

13 Den Adonijah, wey en mama na Haggit, go meet Batsheba, Solomon
mama and di woman ask am, "Dis na betta visit so?"
Adonijah ansa, "Yes! Na betta visit." 14 Den Adonijah sey, "E get wetin I
won ask yu."
Batsheba ask am, "Wetin bi dat?" 15 E ansa, "Yu know sey di kingdom
suppose bi my own and evribody for Israel si mi as king. But na my broda
kon bi king, bikos na so God wont make e bi. 16 So naw, e get one tin wey
I won ask for, abeg make yu agri."
17 Batsheba ask, "Na wetin e bi?" E ansa, "Abeg, make yu help mi tell
King Solomon make e allow mi marry Abishag, dat girl wey kom from
Shunem."

18 Di woman ansa, “Okay, I go tok to di king for yu.”
19 Batsheba go meet di king, make e for tell am wetin Adonijah tok. Di
king stand up, bow greet en mama, den e sidan for en throne kon bring
anoda chair for en mama make e for sidan for en rite side.
20 En mama sey, “E get one small tin wey I won ask from yu. Abeg, make
yu agri.”
Solomon ask, “Mama! Make yu ask and I nor go refuse.”
21 Batsheba ansa, “Make yu allow Adonijah marry Abishag as en wife.”
22 Di king ask, “Why yu sey make I give Abishag to am? Yu for still ask
sey make I gi-am di throne too, since e bi my senior broda and Abiatar di
priest and Joab dey en side!”
23 Den Solomon swear with God name sey, “Make God ponish mi if I nor
make Adonijah pay with en life for dis tin wey e ask for! 24 God don already
plant mi put for David, my papa throne; E don keep en promise and E don
give mi and my shidren-shidren di kingdom. I use God name take swear
sey, today-today, Adonijah must die!” 25 So, Solomon orda Benaya wey bi
Jehoiada pikin sey make e go kill Adonijah.

### *Abiatar And Joab*

26 Den Solomon tell Priest Abiatar, “Make yu dey go yor kountry for
Anatot. Yu suppose to die, but I nor go kill yu naw, bikos na yu kare for di
Kovenant Box wen yu dey with David my papa and yu follow am face all
en trobols.” 27 Den Solomon sey make Abiatar nor bi God priest again. So,
wetin God tok for Shiloh about Eli and en shidren-shidren kon happen.
28 Joab hear wetin happen (bikos na Adonijah e bin dey support, even
doh e nor support Absalom). So e run go di tent for God present kon hold
di altar horn. 29 Wen King Solomon hear sey Joab run go di tent go stand
near di altar, e send Benaya wey bi Jehoiada pikin, make e go kill-am for
der.
30 Benaya go di tent kon tell Joab, “Di king sey make yu kom out.”
Joab ansa, “No! I go die for here!”
Benaya go meet di king kon tell am wetin Joab tok.
31 So, Solomon ansa, “Make yu do as e tok. Kill and beri am, so dat dem
nor go hold mi, yu or any oda David pikin for wetin Joab do wen e kill
innocent pipol. 32 God go ponish Joab for doz pipol wey e kill, wey David
my papa nor know about. Joab kill two innocent men wey betta pass
am: Abner wey bi Israel soja kommander and Amasa wey dey kommand
Judah sojas. 33 Dia blood go dey for Joab and en shidren-shidren head
forever. But God go make David and shidren-shidren prosper for en throne
forever.”
34 So Benaya go Tabanako kon kill and beri Joab for en house wey dey
di wildaness. 35 Di king make Benaya di sojas oga for Joab place, den e put
Zadok as priest for Abiatar place.

### *Shimei Die*

36 Den di king send message go meet Shimei, “Make yu build house for
yorsef here for Jerusalem kon stay and make yu nor komot di town. 37 If
yu ever pass Kidron Valley, yu go die and di blame go dey yor own head.”
38 Shimei ansa, “Okay my king, I go do wetin yu tok,” So Shimei stay for
Jerusalem for long time.

39 Afta three years, two of Shimei slave kon run go meet Maaka pikin
wey bi King Akish for Gat. Wen Shimei hear sey dem dey for Gat, 40 e enter
en donkey kon go find en slaves wey dey with King Akish. E si dem kon
bring dem kom house back.
41 Wen Solomon hear wetin Shimei do, 42 e sey make dem go koll am
kom, den e tell am, "Shebi I use God name take tell yu make yu nor komot
from Jerusalem. And I warn yu sey, if yu try am, yu go die. Yu agri kon sey
yu go obey mi? 43 Wetin make yu nor keep yor promise? Why yu disobey
my kommand?
44 "Yu know all di wrong tins wey yu do David, my papa. Naw, God go
ponish yu. 45 But E go bless mi kon guide David kingdom forever."
46 Den di king orda Benaya and e kill Shimei.
So, Solomon kon dey kontrol evriwhere.

# 3

### *Solomon Pray For Wisdom*

1 Solomon kon tell King Fero for Egypt sey e won marry en dota. E marry
and take di woman go David Town until e build en palis and di temple kon
fence Jerusalem round. 2 Dat time, dem neva build temple for God, so di
pipol still dey sakrifice for difren-difren altar. 3 Solomon love God and e
follow wetin en papa David, tok. But e still dey kill animal as ofrin for
difren altar.
4 One day, Solomon go do sakrifice for Gibeon, bikos di altar wey dey der,
fine well-well. E don rish 1,000 times wen Solomon don burn ofrin give
God for der. 5 One nite wen Solomon dey Gibeon town, God kon appear
and ask am for dream sey, "Solomon, make yu ask mi for anytin wey yu
wont and I go give yu."
6 Solomon ansa, "Yu show great love to David my papa wey bi yor savant
and e dey good, dey respet and always dey honor Yu. Yu still show am yor
great love wey nor dey end, wen Yu make one of en pikin king afta am.
7 "My Oga God, even doh I still dey yong and I nor sabi rule, Yu make
mi take-ova from my papa as king. 8 I dey here with doz wey Yu choose
as yor own; pipol wey nobody fit kount. 9 So, make Yu give mi wisdom to
rule yor pipol with good mind and to know wetin dey good or bad. If not,
how I go take rule dis yor many pipol?"
10 God happy well-well, bikos of wetin Solomon ask for, 11 so E tell am,
"Bikos yu don ask for wisdom to rule well, instead of long life, propaty or
make yor enemies die, 12 I go do wetin yu ask. I go give yu wisdom and
undastandin wey pass di ones wey anybody don get before or go get afta
yu. 13 Tins wey yu nor ask for, I go still give dem to yu. Till yu go die, yor
propaty and respet go plenty pass di ones wey any king go ever get. 14 And
if yu obey and keep my laws and kommand, just as David yor papa do, I
go give yu long life." 15 Wen Solomon wake-up, e kon undastand sey God
don tok to am for dream.
Den e go Jerusalem go stand for God Kovenant Box front kon offa burn
and fellowship ofrin give God. Afta, e do party for all en ofisas.

### *Solomon Judgement*

16 One day, two wimen wey dey do ashawo work kom judge dia matter
give Solomon. 17 One of dem sey, "My king, mi and dis woman dey stay

for di same house. I born boy pikin as wi dey stay togeda. 18 Two days
afta I don born my pikin, dis woman kon still born boy. Na only two of us
dey stay di house.

19 "Den one nite as e dey sleep, e kon roll press en pikin and di pikin kon
die. 20 E stand up for nite and wen e si sey I dey sleep, e karry my pikin
go en bed kon put en pikin wey don die for my bed. 21 Di next morning
wen I wake-up make I feed my pikin, I si sey e don die, but as I look am
well-well, I kon si sey nor bi my pikin bi dat."

22 But di oda woman ansa, "No! Di pikin wey dey alive, na my own and
na en get di one wey don die!"

Di first woman still sey, "Na lie yu dey lie! Di one wey don die na yor own and na mi get di pikin wey dey alive!" So dem kon dey drag for di king front.

23 Den Solomon sey, "Una two sey di pikin wey dey life na una own,
while di one wey don die na di oda pesin own."

24 So Solomon kon sey make dem bring swod and wen dem bring am,
25 e kon tell di savant, "Divide di pikin wey dey alive into two kon share
am give dis wimen."

26 Den di pikin real mama kon tell di king with pain for en heart sey,
"My King! Abeg, instead make yu kill di pikin, make yu gi-am to di oda woman."

But di oda one ansa, "My king! Nor give di pikin to any of us, but make yu just divide am."

27 Den Solomon tell di savant, "Nor kill di pikin again, but gi-am to di
first woman, bikos na en bi di real mama."

28 Wen Israel pipol hear how Solomon take judge di kase, all of dem kon
dey respet am, bikos dem know sey na God gi-am di wisdom wey e take dey judge well.

# 4

*Solomon Ofisas*

1 King Solomon rule evriwhere for Israel land. 2 Dis na en ofisas:

Azaraya wey bi priest and na Zadok bi en papa.

3 Elihoref and Ahijah wey bi Shisha shidren na dem bi seketry for di kourt.

Jehoshafat wey bi Ahilud pikin, na en dey keep rekord.

4 Na Jehoiada pikin, Benaya bi di sojas oga.

Na Zadok and Abiatar bi priest.

5 Na Natan pikin, Zabud bi shief to di difren govnor.

6 Ahishar dey kare for di palis savants,

while Adoniram wey Abda born, dey kare for doz wey dey do hard work.

7 Solomon put twelf men as govnor for Israel. Na dem dey provide food
for di king, en family and di difren aria. Each of di twelf men dey handle
each mont for di year. 8 Dis na di ofisas and di district wey dem dey kare
for:

Ben Hur dey kare for Efraim hill kountries;

9 Ben-Deka dey kare for Makas, Shaalbim, Bet-Shemesh, Elon and Bet-Hanan town.

10 Ben-Hesed dey kare for Arubbot, Soko and all di aria for Hefa.

11 Ben-Abinadab wey marry Solomon dota Tafat, dey kare for all di aria for Dor.

12 Baana wey Ahilud born, dey kare for Taanak, Megiddo and all di aria for Bet-Shean near Zaretan town, for di sout-side for Jezrel town go rish Abel-Meholah and Jokmeam town.

13 Ben-Geber dey kare for Ramot town for Ramot Gilead and all di village for Ramot wey Jair town get and na Manasseh grand-grand pikin e bi. E still dey kare for all di aria for Argob for Bashan wey bi sixty big towns wey dem fence round and e get bronze bars.

14 Ahinadab wey bi Iddo pikin dey kare for Mahanaim aria.

15 Ahimaaz wey still marry Basemat wey bi King Solomon dota, dey kare for Naftali aria.

16 Baana wey bi Hushai pikin dey kare for Asher aria and Bealot town.

17 Jehoshafat wey bi Paruah pikin, dey kare for Issakar aria.

18 Ela pikin wey bi Shimei dey kare for Benjamin aria.

19 Gibeah wey Uri born, naim dey kare for Gilead wey King Sihon from Amor and King Og for Bashan bin dey rule. Apart from dis twelf, e still get one govnor wey dey rule di whole land.

### *Solomon Reign*

20 Israel and Judah pipol plenty like san-san for wotaside; dem get
enough food to chop and drink and dem dey happy. 21 Na Solomon dey
kontrol all di nashons from Eufrates River go rish Filistia and Egypt borda.
Dem dey under am dey pay tax gi-am till e die.

22 Di tins wey Solomon nid evriday, na 150 bag of fine flower and three
hundred bag of food, 23 den 10 big melu, 20,000 fat melu and 100 sheep
with deer, gazelle and bird wey dem feed well. 24 Solomon rule di west and
evriwhere for Eufrates River. From Tifsah for Eufrates side go rish di west
for Gaza town. All Eufrates king dey under am and e dey make peace with
all di kountries wey near am. 25 Judah and Israel pipol get peace thru-out
di time wey Solomon dey rule and all di family get dia own grapevines
and fig trees.

26 Solomon get 4,000 house for en shariot and 12,000 horse.

27 Na di twelf govnor dey bring di food wey Solomon and all di pipol for
di palis go chop. Each one, for each mont. 28 Each govnor dey bring en
own barley and straw for di shariot and animals wey dey work kom di
propa place wey dem suppose take am go.

29 God give Solomon betta wisdom, sense and en undastandin big well-
well. 30 Solomon get sense pass di wise men for east and for Egypt. 31 Na-im
wise pass among all men. E wise pass Etan wey kom from Ezra and Heman,
Kalkol, Darda wey bi Mahol shidren. So pipol kon dey tok about Solomon
wisdom for all di kountries wey dey near Israel 32 E rite 3,000 parabol and
di songs wey e rite, pass 1,000. 33 E rite about trees and plants, like di
cedar wey dey Lebanon and di plant wey dey grow for wall. E still rite
about animals, birds, animals wey dey creep and fish. 34 All di kings for
di world hear about en wisdom, so dem kon send pipol go listin to am.

## 5

### *Solomon Build Temple*

1 King Hiram for Tyre, na David friend, so wen e hear sey Solomon don
bi king afta en papa, David, e kon send some pipol go meet am. 2 Solomon
send dis message go meet King Hiram,

3 "Yu know sey, bikos of di war wey David my papa dey fight with all
en enemies, e nor fit build temple where dem go for dey woship di Oga
wey bi en God, until God gi-am viktory ova all en enemies. 4 But naw,
God don give mi peace for evriwhere. I nor get any enemy and I nor
dey fear sey pipol go won attack mi. 5 God promise David my papa, 'Yor
pikin wey I go make king afta yu, go build temple for mi.' And I don
choose to build di temple where dem go for woship di Oga wey bi my
God.

6 So make yu send yor men go Lebanon go kut cedar wood for mi. My
men go work with dem and I go pay yor men any prize wey yu tok. Yu
know sey my men nor sabi kut trees like yor men."

7 Hiram happy wen dem gi-am Solomon message so e kon sey, "Make
wi praiz God today wey give David dat kind pikin as king ova dis strong
nashon!"

8 Den Hiram send Solomon dis message sey,

"Dem don give mi yor message and I ready to do wetin yu wont. I
go provide di cedar wood and di pine trees wey yu wont. 9 My men
go bring di woods from Lebanon kom di river kon tie dem togeda and
float dem kom di place wey yu choose. Den, my men go luz dem and
yor men go karry dem go. But I go like make yu give my men food."
10 So Hiram give Solomon all di cedar wood and pine tree wey e wont
11 and Solomon dey give Hiram 100,000 bucket for wheat and 110,000
gallons for pure olive oil evry year make e take feed en men. 12 God
keep en promise kon give Solomon wisdom. Peace dey between Hiram
and Solomon and dem make agriment with diasef. 13 Solomon bring
30,000 men from evriwhere for Israel make dem do di work 14 and e sey
make Adoniram kare for dem. E divide dem into three group. 10,000
men dey one group and each group dey spend one mont for Lebanon
and two monts for house. 15 Solomon still get 80,000 men for di mountin
side wey dey kut stones and 70,000 men wey dey karry di stones. 16 E
still put 3,300 men for front make dem dey supavise di work. 17 Just
as Solomon tok, dem kon kut fine big stones wey dem go take build di
temple foundashon. 18 So, King Solomon men, King Hiram men and di
men from Gebal town kon make di stones and timba wey dem go take
build di temple.

# 6

*Solomon Build Di Temple*

1 Afta 408 years wen Israel pipol don komot from Egypt, wey bi di fourt
year wen Solomon don dey rule Israel, for di sekond mont wey bi Ziv mont,
Solomon kon start to build di temple.

2 Di temple long rish 90 fit kon wide rish 30 fit and e high rish 45 fit. 3 Di
passage wey dem take dey enter di temple wide rish 30 fit and na so e long
too. E still use 15 fit take long go outside. 4 Solomon still use frames make
windows for di temple. 5 E build some room take join di temple walls for
outside. 6 Di rooms for outside na three story building and di bottom floor

wide rish seven and half fit, di middle floor na 9 fit while di top floor na
ten and half fit. E build di room join di temple but dia timba nor enter di
wall.
7 Dem make di stones wey dem take build di temple, from where dem
for kut dem, so no hammer, axe or any oda iron make sound for di main
site. 8 Where dem dey pass enter di down floor dey di sout-side for di
temple and dem put step to take klimb go di sekond and di third floor.
9 So Solomon kon build di temple finish. E put ceiling wey dem make with
woods and cedar boards. 10 E build difren rooms round di temple; dem
high rish seven and half fit and e use timba join dem to di temple. 11 God
tell Solomon, 12 "But for dis temple wey yu dey build, If yu obey all my
laws and kommand, evritin wey I promise yor papa David, I go do dem
for yu. 13 I go stay with my pipol Israel and I nor go ever abandon dem."
14 So, Solomon kon build di temple finish. 15 From di groun go rish di
ceiling for inside, na cedar wood dem take kover dem kon make di floor
with pine wood. 16 Di room for inside wey dem dey koll, "Most Holy Place"
na di temple back dem build am put. E long rish 30 fit and dem use cedar
board take divide am from groun go rish di ceiling. 17 Di room wey dey
front for di "Most Holy Place", long rish 60 fit. 18 Dem dekorate di cedar
panels with tins wey den karve and with flowers, den dem use cedar wood
kover di inside, so dat dem nor go si di stones wey dey di wall.
19 Dem build di inside room for di temple back and dem won put God
Kovenant Box for der. 20 As di inside room long, na so too e high rish 30
fit and dem kover evriwhere with gold. Dem kover di temple with cedar
panels. 21 Dem kover di temple for inside with gold kon use gold shain
cross and kover where dem dey pass enter. 22 Dem kover evriwhere for
inside di temple with gold, plus di altar wey dey di "Most Holy Place."
23 Dem make two creatures wey get feadas with olive wood and di
creatures dey di, "Most Holy Place." Each of di creature, tall rish fifteen
fit. 24 Each of di first creature feada long rish seven and half fit, so di two
feada na 15 fit. 25 Di sekond creature bi like di first one but for size and
shape; 26 each of dem tall rish 15 fit. 27 Dem put dem for di two side for di
"Most Holy Place." So dia feadas wey dem spread, go tosh each oda for di
room middle and di oda two feadas tosh di wall. 28 Na gold dem use take
make di two creatures.
29 Dem use creatures wey dem karve with feadas, palm tree and flower,
take dekorate di wall both for inside and outside. 30 Dem even use gold
take dekorate di floor.
31 Na olive wood dem take make doors wey pipol go pass enter and di
pila for each door, get five side. 32 Di two doors wey dem make with olive
wood, dem karve doz creatures with feadas, palm tree and flower put kon
kover dem with gold. 33 Like dis, dem make door-mot with olive wood for
di place wey dem dey pass enter di main hall and dem get four pila for
di side. 34 Dem still make two doors with pine wood and each door get
two side wey dey fold. 35 Dem karve creatures with feadas, palm tree and
flower take dekorate am kon kover all of dem with gold.
36 Dem build one kourt for di temple front kon use cedar wood and
stones take make di wall.
37 For Ziv mont, for di fourt year wey Solomon don dey rule, naim dem
lay di foundashon for God Temple. 38 For Bul mont (wey bi di eight mont)

for di elevent year, dem komplete di temple just as dem plan sey e go bi.
Na seven years Solomon take build di temple finish.

# 7

*Solomon Palis*

1 Solomon still build palis for ensef and na thirteen years e take build
am. 2 E koll am "Di Palis for di Lebanon Forest." E long rish 150 fit, wide
rish 75 fit and e high rish 45 fit. E get four rows wey dem make with
cedar pilas and cedar wood dey on-top di pilas too. 3 Na cedar wood dem
still use take make di roof on-top di wood wey support di pilas; dem bi
forty-five wood and na fifteen dey each row. 4 For each side for di wall, na
three-three windows dey each row. 5 Evriwhere wey dem dey pass enter,
get four side and dem arrange dem into three set.

6 Di Passage Hall long and wide rish 75 and 45 fit. E get korridor and
pila and roof dey di korridor front.

7 Solomon still make one throne room kon koll am "Judgement Hall" and
na der e for dey judge kase. Dem make am with cedar wood from groun
go rish di roof. 8 Na so too dem take make di palis where Solomon dey stay.
E still build one palis like en own kon gi-am to Fero dota wey e marry.

9 Na di best stones dem take build and karve all dis tins kon kut dem
with saw; from di roof foundashon and from di outside go rish di great
kourtyard. 10 Na betta-betta stones dem take make di foundashon. Some
long rish twelf and odas, na fifteen fit. 11 On-top di foundashon, di best
stones wey dem karve for di rite side, na-im dem use with di cedar wood.
12 Around di great kourtyard, na three row of betta stones and one row of
cedar wood dey der like di kourt for inside God Temple and di palis hall.

*Hiram And King Solomon*

13 King Solomon sey make dem go koll Hiram kom from Tyre. 14 Na one
woman from Naftali wey en husband don die, born am and en papa na
kraft man wey bin dey work with bronze for Tyre. E get wisdom to take
make any kind tin with bronze. E go meet King Solomon kon do all di
work wey dem gi-am.

15 Hiram make two bronze pila; each pila tall rish 27 fit and wide rish
18 fit. 16 E still make bronze top for di pilas and each one high rish seven
and half fit. 17 Na shain wey dem weave dem take dekorate di top 18 and
di two rows with di bronze stones. 19 Dem design di top like lily leaf and
e tall rish 6 fit 20 kon put am for one round place wey high pass where
dem design with shain. For di main top, na 200 betta stones dey round
one pila. 21 Hiram put dis two bronze pila for where dem dey pass enter
di temple. Di one wey dey di sout-side na, "Jakin", while di one for nort
na, "Boaz." 22 Di pila top bi like lily. So dem kon build di pila finish.

23 Hiram still make di big bronze basin wey dem dey koll "Di Sea." E
deep rish seven and half fit kon long and wide rish 15 and 45 fit. 24 Di
basin korna for outside get two bronze iron and na one block dem take
build am with di basin.

25 Di basin dey on-top twelf melu. Three face di nort; three face di west,
three face di sout and three face di east. Di Sea dey on-top of dem and all
of dem face outside. 26 Di basin tick rish three inches. En rim bi like cup
own wey curve out like lily and di basin fit kontain 12,000 gallon of wota.

27 Hiram still make ten bronze stand wey dem fit move. Each stand tall
and wide rish 6 fit and dem high rish four and half fit. 28 Dem make dem
with panel kon set dem with frame, 29 den dem draw lion, bulls and di
creatures wey get feada for di body. Dem still draw dem put for di frames
for up and under di lion and di melu, den dem rite sometin put. 30 Each
of di four stand get four bronze wheel with bronze axles. Dem put bronze
for di four korna wey go support di basin, den rite sometin take dekorate
di wood wey support am. 31 Di basin get one round frame. Di kart tall
rish 18 inches kon deep rish 7 inches. Dem still karve tins round am. 32 Di
wheel high rish 25 inches and dem dey under di panel, but di axles and di
kart na di same. 33 Di wheel bi like shariot own and na bronze dem take
make dia axles, rim, spokes and hub.

34 All di karts get four support for under and dem bi di same with di
karts. 35 Nine inches band dey round di top for each kart, dem dey support
di kart and di panel na di same with di kart. 36 Hiram use animals wey
get feadas, lion and palm trees, take dekorate di wood wey support am, di
panel and anywhere space dey, den e rite full dia body. 37 Na so dem take
make all di kart. All of dem resemble and dem bi di same size and shape.

38 Hiram still make ten basin for each kart. One basin wide rish 6 fit
wey go kontain 200 gallon of wota. 39 E put five kart for di sout-side for di
temple and di oda five dey di nort side, den kon put di tank for di korna
wey face sout and west korna. 40 Hiram still make shovel, basin and plates.

E finish all di work wey Solomon gi-am for God temple. 41 Na wetin
Hiram make bi dis:

di two pilas;
di two top for di pilas wey bi like bowl;
di art work wey dey di bowl on-top di two pilas;
42 di 400 fine stones wey dem design for di art work for di two pilas; all di art work with dia two lines of fine stones on-top di bowl for di pilas;
43 di ten stands wey dey move with di ten basins;
44 di big bronze basin wey dem dey koll, "Di Sea" with twelf melu wey dey under am;
45 di pots, shovel and bowls.

So, all di tins wey Solomon sey make Hiram make for di temple, na
bronze wey dem polish dem take make dem. 46 Between Sukkot and
Zaretan borda for Jordan, na der di king for make all dis tins. 47 Solomon
nor weigh all di bronze tins, bikos dem too plenty. So, dem nor know how
dem heavy rish.

48 Na gold Solomon take design di temple,
di altar,
di tabol wey dem dey put God bread,
49 di ten lampstand wey dey for di Most Holy Place wey five face sout and five face nort;
di flowers, lamps and tongs.
50 Di cups, lamp tins, bowls, plate for incense and di pans wey dem take dey karry shako;
di Most Holy Place door handle and di doors wey dey outside di temple. Na gold dem take make all dis tins.

51 Wen King Solomon don finish di temple work, e kon put all di tins
wey David en papa dedikate give God, inside di temple store room: di
silva, gold and all di oda tins.

# 8

### *Solomon Karry Di Box Enter Di Temple*

1 Solomon koll all di leaders for Israel tribe and villages kon tell dem,
"Make una karry God Kovenant Box go di temple for Zion wey bi David
Town." 2 Wen dem dey do Shelta Feast for Etanim mont (wey bi di sevent
mont), all of dem kon gada, 3 den di priest lift di Kovenant Box 4 kon karry
am go put for di temple. Levi pipol and di priest still karry di tent wey
God for dey meet di pipol, with all di oda tins, go di temple. 5 Solomon
and Israel pipol gada for di Kovenant Box front kon sakrifice plenty sheep
and melu.
6 Den di priest karry di Kovenant Box enter di temple kon put am for di
Most Holy Place; under di creatures wey get feadas. 7 Di creature feadas
kover di pole wey dem take karry am. 8 Na only di pesin wey sidan for di
Most Holy Place front, fit si di pole end and nobody fit si dem from any
oda place. Di poles still dey der till today. 9 Na only di stone tablets wey
God take make Kovenant with Israel pipol as dem dey kom from Egypt,
dey inside di Kovenant Box and na Moses put am wen dem dey Mount
Sinai.
10 As di priests dey komot from di temple, kloud kon kover di temple.
11 Di priest nor fit do anytin again, bikos God present don full di temple.
12 Den Solomon kon pray, "Oga God, Yu sey Yu go stay for darkness.
13 Naw! I don build big temple for Yu, place wey Yu fit stay forever."
14 As di pipol stand for der, Solomon turn face dem kon bless dem with
God name. 15 E sey, "Di Oga wey bi Israel pipol God, make all di praiz bi
en own! E don do wetin E promise David my papa, wen E tell am sey,
16 'From di time wey I bring my pipol kom out from Egypt, I neva choose
any town among Israel land where dem go build temple put to woship mi,
but I choose yu, David, so dat yu go rule my pipol.' " 17 Solomon still sey,
"David my papa plan sey e go build temple where dem go for woship di
Oga wey bi Israel pipol God, 18 but God tell am, 'Yu do well as yu won build
temple for mi, 19 but yu nor go ever build am. Na yor own pikin go build
my temple.' 20 And naw, God don keep en promise. I don bi king for Israel
afta my papa and I don build di temple where dem go for dey woship di
Oga wey bi Israel pipol God. 21 I don still make place for di temple, where
dem go keep di Kovenant Box and di stone wey dem rite di kovenant put,
wey God make with awa grand-grand papa wen E bring dem kom out from
Egypt, dey inside."

### *Solomon Pray For Israel Pipol*

22 Den, for di pipol present, Solomon go stand for di altar front, raiz en
hand 23 kon pray,
"Di Oga wey bi Israel pipol God; e nor get any god wey bi like Yu for
heaven or for eart! Yu do wetin Yu promise yor pipol kon show dem
yor love, bikos dem obey Yu with dia whole heart. 24 Today, Yu don do
wetin Yu promise David my papa. Yu don do evry word wey Yu tok.
25 And naw, my Oga! Yu wey bi Israel pipol God, I dey pray make Yu do

all di oda tins wey Yu promise my papa wen Yu sey, na only en shidren-shidren go bi king for Israel, as long as dem obey Yu, just as dia papa,
David obey Yu. 26 Naw, my Oga wey bi Israel God, make Yu do evritin
wey Yu promise David my papa wey bi yor savant.

27 My Oga God nor dey really stay dis eart! If evriwhere for di sky and di heavens wey high pass nor fit kontain Yu, den how dis temple
wey I build go bi to Yu? 28 Oga wey bi my God; I bi yor savant. Make
Yu listin to my prayer kon do evritin wey I go ask Yu today. 29 Make Yu
look dis temple both for day and for nite; di place where Yu choose sey
make dem for dey woship Yu. 30 Make Yu hear mi anytime wey I face
dis temple dey pray. Make Yu hear and forgive us from where Yu dey for heaven.

31 If dem tok sey pesin do anoda pesin bad and dem bring am kom yor
altar for dis temple, den e swear sey e nor do am, 32 my Oga God, make
Yu listin from heaven, den kon judge yor savants. Make Yu ponish di one wey do bad as e fit am kon free di one wey dey rite.

33 Wen Israel pipol enemies win dem, bikos dem sin against Yu and
if dem turn to Yu for dis temple kon sey, 'Papa forgive us', 34 make Yu
listin to dem from heaven. Make Yu forgive dem kon bring dem back to di land wey Yu promise dia grand-grand papa.

35 If Yu hold di rain, bikos yor pipol sin against Yu, wons dem turn
from sin kom meet Yu kon pray to Yu for dis temple, 36 make Yu listin
and ansa dem from heaven. Make Yu forgive di king and Israel pipol for dia sins kon tish dem di rite way. Den, my Oga God, make Yu send rain kom dis land wey Yu give yor pipol as dia own forever.

37 Wen honga dey di land; sickness or plants don spoil, bikos of strong wind, plenty lokust or wen enemies attack yor pipol; or sickness and
diziz katch dem, 38 make Yu listin to dia prayers and if anybody wey
dey face pain for Israel, stresh en hand pray for dis temple, 39 make Yu
hear dia prayer and listin to dem from where Yu dey for heaven. Make Yu forgive and help dem. Na only Yu know wetin human being dey
tink. Make Yu ponish or bless anybody as e fit am, 40 so dat yor pipol go
always obey Yu as long as dem dey dis land wey Yu give dia grand-grand papa.

41 Wen pesin from anoda land hear di big-big tins wey Yu do for yor
pipol, 42 dem go kon woship and pray to Yu for dis temple. 43 My Oga
God, make Yu listin to dia prayer. For heaven wey Yu dey, make Yu hear and do wetin dem sey make Yu do, so dat evribody for di world go know and obey Yu, just as yor pipol Israel dey do. Den dem go know sey dis temple wey I build, na di place where dem go for dey woship Yu.

44 Wen Yu kommand yor pipol make dem fight war with dia enemies, if dem pray to Yu from anywhere and dem face dis town wey Yu don
choose and dis temple wey I build for Yu, 45 make Yu listin to dia prayer.
Make Yu hear dem from heaven kon give dem viktory.

46 Wen yor pipol sin against Yu (bikos e nor get who nor dey sin) and Yu vex kon let dia enemies defeat and karry dem like prisonas go anoda
land. Even if di land far well-well, 47 make Yu still listin to yor pipol
prayer. If dem turn kom meet Yu for dat land kon pray and konfess dia sin and di wiked tins wey dem don do, my Oga God, make Yu hear dia

prayers. 48 If dem really turn from sin kon pray to Yu for dat land as dem
face dis town wey Yu give awa grand-grand papa dem (dis town wey Yu
don choose and dis temple wey I build for Yu), 49 den make Yu listin to
dia prayers. Make Yu hear from heaven kon sorry for dem. 50 Make Yu
forgive dem wen dem sin against Yu kon make dia enemies dey respet
dem. 51 Dem bi yor pipol wey Yu karry komot Egypt; place wey bi like
sey na fire dey burn dem.

52 Oga God, make Yu always dey favor Israel yor pipol and dia king,
den hear dia prayer wen ever dem koll Yu for help. 53 From all di pipol,
Yu choose Israel pipol to bi yor own, bikos na so Yu tell dem thru Moses
yor savant, wen Yu bring dem kom out from Egypt."

### *Di Last Prayer*

54 Afta Solomon don pray to God finish, e stand for di altar front where
e knee down and raiz en hand since. 55 Wen e stand up, e bless or di pipol
as e shaut dey sey:

56 "Make wi praiz God wey don give en pipol peace, just as E sey E
go do. E don do all di tins wey E promise Moses en savant. 57 Make di
Oga wey bi awa God dey with us as E bin dey with awa grand-grand
papa dem and make E nor leave or abandon us. 58 Make E make us
dey obey am, so dat wi go always dey live as E wont make wi live kon
keep di laws wey E give awa grand-grand papa. 59 Make awa Oga God
remember all di prayer and komplain wey I don make with am since.
Make E always dey show mesi to Israel pipol and dia king wen dem koll
am evriday, 60 so dat all di nashons go know sey na only God bi God and
e nor get anoda god. 61 Make una wey bi en pipol dey faithful to am and
dey always obey en laws and kommand."

### *Dem Dedikate Di Temple*

62 Den King Solomon and all di pipol kon sakrifice give God. 63 Dem
sakrifice 22,000 melu and 120,000 sheep as fellowship ofrin. So di king
and all di pipol dedikate di temple.

64 Di king still dedikate di kourtyard centre with di aria for di temple
front kon burn di whole sakrifice for der. E give di grain and all di fat
animals as fellowship ofrins.

65 For di temple, Solomon and all Israel pipol kon celebrate Shelta Feast
for fourteen days. Many pipol kom from Hamat Road wey far well-well
for nort and from Egypt borda for sout. 66 For di Fifteent day, Solomon
kon sey make all di pipol go dia house. All of dem praiz God kon happy
go dia house, bikos of all di blessings wey E don give David, en savant and
all Israel pipol.

## 9

### *God Appear To Solomon*

1 Afta Solomon don build di temple, di palis and evritin wey e won build,
2 God appear to am again, just as E do for Gibeon. 3 God tell am,

"I don hear yor prayers. Dis temple wey yu build for mi, I don make
am holy for mysef and na der dem go for woship mi forever. I go wosh
and kare for am always. 4 If yu serve mi with yor whole mind, just as
David yor papa do kon obey my laws and do evritin wey I kommand yu,

5 I go do wetin I promise David yor papa, sey na en shidren-shidren go
rule Israel forever.
6 But if yu and yor shidren-shidren stop to follow mi kon disobey di
laws and kommand wey I give, den bigin follow oda gods, 7 I go remove
una from Israel pipol and di land wey I give dem. I go still abandon dis
temple wey I don make holy sey make dem for dey woship mi. Pipol
for evriwhere go laf Israel pipol and dem nor go respet dem again. 8 Dis
temple go skata and anybody wey waka pass, go sopraiz. Dem go sey,
'Wetin make God do dis land and dis temple like dis?' 9 Pipol go ansa, 'Na
bikos dem abandon di Oga wey bi dia God wey bring dia grand-grand
papa kom out from Egypt. Dem dey respet and woship oda gods, so God
kon give dem dis kind big wahala.' "

### *Solomon And Hiram*

10 Na twenty years Solomon take build di temple and en palis. 11 King
Hiram for Tyre kon give Solomon all di cedar wood, pine wood and all di
gold wey e wont for di work. Afta e don finish, Solomon kon give Hiram
twenty towns for Galilee aria. 12 Wen Hiram si di towns wey Solomon gi-
am, e nor like dem. 13 So e tell Solomon, "My broda, wetin make yu give
mi dis kind towns?" So Hiram koll di towns Kabul (wey mean place wey
nor good). 14 Before dis time, Hiram don give Solomon gold wey heavy
rish 120 pounds.

### *Oda Tins Wey Solomon Do*

15 Solomon force some pipol build di temple, di palis and e fill di land
for di east side kon build di town wall. E still use dem take ribuild Hazor,
Megiddo and Geza town. 16 Na Egypt king attack and kapture Geza before.
E kill all Geza pipol kon burn di town. But wen en pikin won marry
Solomon, e kon gi-am to di girl as marriage gift. 17 Solomon use en workers
take ribuild am. Solomon still ribuild Lowa Bet-Horon; 18 Baalat, Tadmor
for Judah desert; 19 di town wey dem keep en tins put; di town wey dem
put en shariot and en horse dem and evry oda tin wey e won build for
Jerusalem, Lebanon and oda place dem for en kingdom.
20 Na Kanaan shidren-shidren Solomon use take do all dis work. Dis
na di pipol wey Israel pipol nor kill wen dem kom out from Egypt kon
take-ova Kanaan. 21 Doz wey kom from Ammon, Het, Periz, Hiv and Jebus
dey too and dia shidren still bi slaves for Israel till today. 22 Solomon nor
use Israel pipol do slaves, but na sojas, ofisas, kommanders, pipol wey dey
drive war horse and doz wey dey drive horse, dem bi to am. 23 Na 550
ofisas dey kare for doz wey dey work for difren-difren house wey Solomon
dey build.
24 Solomon fill di land wey dey di east, afta en wife wey bi Egypt king
pikin, don komot from David Town kon go stay di palis wey Solomon build
for am.
25 Na three times a year Solomon dey give burnt and fellowship ofrin to
God. E still dey burn incense give God. So e kon build di temple finish.
26 King Solomon still build sheep for Ezion-Geber wey dey near Elat for
Akaba wotaside for Edom land. 27 Hiram send many of en men wey dey
work for sea, go work with Solomon men. 28 Dem travel with ship from
Ofir kon karry gold wey heavy rish 420 pounds go give King Solomon.

# 10

### *Sheba Kween*

1 Wen di kween for Sheba hear about di wonderful tins wey Solomon
dey do, e kon travel go Jerusalem go test am with hard-hard kweshon. 2 E
karry plenty pipol follow body kon load spices, jewels and plenty gold full
en kamels. Wen di kween si Solomon, e kon ask am all di kweshon wey
dey en mind. 3 King Solomon ansa all di kweshon and e nor get any one
wey hard am to ansa. 4 Sheba kween know sey King Solomon get wisdom
and e si di palis wey e build; 5 di food wey dem serve for di tabol; di house
wey en ofisas dey stay; how en workers dey do and di uniform wey dem
wear; di savants wey dey serve wen dem dey do party and di sakrifice
wey e dey offa for di temple. All dis tins kon sopraiz di kween well-well
and fear katch am.

6 E tell Solomon, "Wetin I hear for my kountry about yor wisdom, na
true! 7 But I nor bilive until naw wey I don kom si evritin by mysef. I
nor even hear half of wetin I don si; bikos yor wisdom and propaty many
pass as dem tell mi. 8 Yor ofisas and savants go dey happy well-well, bikos
dem always dey with yu, dey hear di wise tins wey yu dey tok! 9 Make
wi praiz di Oga wey bi yor God! E don show how E dey happy with yu,
bikos E make yu king for Israel and di love wey E get for Israel pipol, go
last forever. E don make yu dia king, so dat yu go fit keep di law and dey
judge well." 10 Sheba kween give Solomon all di gifts wey e bring and dem
heavy rish 120 pounds for gold, with plenty spices and jewels. Di spices
wey e give Solomon, plenty pass di ones anybody don ever gi-am before.

11 (Hiram pipol wey karry gold kom from Ofir, still bring plenty fine
wood and jewels.) 12 King Solomon use di wood take build rails for di
temple and di palis. E still use am make harp and lyre for doz wey dey
play music. Di junipa wood wey fine pass, na-im dem bring kom Israel
and e nor get any oda wood like doz ones again.

13 Solomon give Sheba kween evritin wey e ask for kon still gi-am oda
tins, just as dia tradishon bi, den di kween and en pipol kon go back to
Sheba.

### *Solomon Propaty*

14 Evry year, dem dey give Solomon gold wey heavy rish 666 pounds.
15 Dis one nor dey join di tax wey tradas, Arab kings and di govnors for
Israel dey pay gi-am.

16 Solomon use gold wey rish fifteen pounds take make two hundred
shield. 17 E still use gold wey almost rish four pounds take make three
hundred shield kon put all of dem for di hall wey dey Lebanon forest.

18 E still make one big throne. Dem kover one side for di throne with
ivory kon kover di oda side with fine gold. 19 Na six steps dey to klimb go
di throne and for di end for evry step, dem mold lion put, so all di lion
kon bi twelf. 20 Dem mold melu head for di throne back and near di two
chair hand. Dem still mold anoda lion put for di throne. E nor get any
throne wey bi like dis for any oda kingdom. 21 Na gold dem take make di
cup wey Solomon take dey drink wota and all di spoons and plates wey
dey di hall for Lebanon forest. Dem nor use silva, bikos silva nor get value
for Solomon time. 22 Solomon get plenty ship wey dey move with Hiram

ship. Wen Solomon ship dem kom back evry three years, dem dey bring
gold, silva, ivory, apes and fawol kom.
23 Solomon get propaty and e wise pass any oda king. 24 Evribody for
di world dey won kom hear di wise tins wey God give Solomon to tok.
25 Evribody wey dey kom, dey bring gold, silva, robes, weapons, spices,
horse and mule. And dem dey bring dem kom evry year.
26 Solomon gada many horse and shariot. E get 14,000 shariot and
12,000 ordinary horse. E keep dem for difren towns for Jerusalem. 27 Wen
Solomon dey rule, silva dey evriwhere like ordinary stone for Jerusalem
and cedar tree dey kommon like ordinary trees for Jerusalem. 28 Solomon
buy en horse from Egypt and Silisia; doz wey dey sell for di king, na dem
buy dem kom from Silisia for di normal prize. 29 Dem dey buy one shariot
from Egypt for 600 silva and ordinary horse for 150 silva. Den dem go
re-sell am give Hit and Siria kings.

# 11

*Solomon Turn From God*

1 Solomon kon love many wimen wey kom from oda kountry. Apart from
Fero pikin wey bi en wife, e still marry plenty wimen from Hit, Moab,
Ammon, Edom and Sidon kountries. 2 E marry dem, even doh God don
kommand Israel pipol make dem nor marry from doz kountries, bikos
dem go make Israel pipol woship oda gods. 3 Solomon marry 700 wife
kon get 300 girl-friends and na dem make am turn en heart from God.
4 Wen Solomon don old, e kon stop to follow God, unlike David en papa
wey follow God until e die. 5 E bigin woship Astarte wey bi Sidon pipol
juju and Milkom, di yeye god wey Ammon pipol dey serve. 6 E sin and e
nor woship God, just as en papa David woship am.
7 For di east side for Jerusalem hill, e build where dem for dey woship
Kemosh, wey bi Moab pipol yeye god and Milkom, wey bi Ammon pipol
god. 8 E still build where en oda wifes go for dey burn incense and offa
sakrifice to dia gods.
9 Even doh di Oga wey bi God for Israel don appear to Solomon two
times sey, "Make e stop to dey woship oda gods," 10 Solomon nor obey
God, instead, e turn from am. So, God bigin vex for Solomon 11 kon tell
am, "Bikos yu know wetin yu dey do as yu dey break yor kovenant with
mi and nor kon dey obey my kommand, I go take di kingdom from yu kon
gi-am to one of yor ofisas. 12 But, bikos of David yor papa, I nor go do am
wen yu still dey life, but e go happen wen yor pikin go dey rule. 13 But I
nor go take di whole kingdom from am. Instead, I go leave one tribe for
am bikos of David, my savant and bikos of Jerusalem, di town wey I dey
stay."

*Solomon Enemies*

14 So God kon make Hadad wey dey di royal family for Edom, turn
against Solomon. 15 Before dis tin happen; for di time wen David win
Edom pipol, Joab wey bi en sojas kommander bin go beri dead body. 16 En
and en men stay for Edom for six monts kon kill all di men wey dey Edom,
17 but na only Hadad with some of en papa savant wey bi Edom pipol, naim
dem nor kill, bikos dem run go Egypt and dat time, Hadad still bi small
pikin. 18 Hadad and di men wey karry am run kon from Midian go Paran,

where oda men for join dem. Den, dem travel go Egypt and Egypt king
kon give Hadad some land, house and food.
19 Hadad kon bi di king friend, so di king gi-am en wife sista, make e
marry. (Di king wife name na Tahpanhes.) 20 Hadad wife born boy, so e
name am, "Genubat", but na di kween kare for am for di palis and e stay
with di king shidren.
21 Wen Hadad hear for Egypt sey King David and Joab en soja
kommander don die, Hadad kon tell di king, "Make I kon dey go back
to my own kountry."
22 Di king ask am, "Why yu won go? E get anytin wey yu wont, wey I
nor give yu? Wetin make yu won go yor kountry back?"
Hadad ansa, "Abeg, my king, make I just go," So e kon go back to en
kountry.
23 God still make Rezon wey bi Eliada pikin, turn against Solomon. Rezon
run from en oga, King Hadadeza for Zobah 24 kon bi leader to some pipol
wey nor dey respet di law. (Dis tin happen afta David don win King
Hadadeza kon kill all di sojas for Siria.) Rezon and en men go stay for
Damaskus where en men for make am Siria king. 25 Na Israel enemy e bi
thru-out di time wey Solomon bi king.

### *God Promise Jeroboam*

26 Anoda man wey turn against King Solomon na Nebat pikin, Jeroboam,
wey kom from Zaretan for Efraim tribe. En mama name na Zeruah, but
en papa don die.
27 Dis na why e turn against King Solomon. King Solomon dey work
for di land for di east side for Jerusalem and e dey ripair di town walls.
28 Jeroboam na very strong yong man, so wen King Solomon si as e dey
work well-well, e kon sey make e look ova di pipol wey dey work for
Manasseh and Efraim tribe aria.
29 One day wen Jeroboam dey travel from Jerusalem, Profet Ahijah for
Shiloh kon meet only en for road, so 30 di profet remove di robe wey e
wear, tear am into twelf pieces 31 kon tell Jeroboam, "Make yu take ten
pieces for yorsef, bikos di Oga wey bi Israel pipol God, sey make I tell yu,
'I go take di kingdom from Solomon kon give yu ten tribes. 32 Solomon go
keep one, bikos of David my savant and Jerusalem, di town wey I choose as
my own from all Israel land. 33 I go do dis tin, bikos Solomon rijet mi kon
bigin woship oda gods. E dey woship Astarte wey bi Sidon juju; Kemosh
wey bi Moab pipol god and Milkom, wey Ammon pipol dey serve. Solomon
nor obey mi; e dey do bad tins and e nor keep my laws and kommand,
just as David en papa keep am.
34 " 'But I nor go take all di kingdom from Solomon. I go make am rule
till e die. Dis na wetin I go do, bikos of David my savant, wey I choose
and e obey my laws and kommand. 35 I go take di kingdom from Solomon
pikin kon give yu ten tribes, 36 but I go let Solomon pikin keep one tribe,
so dat my savant David, shidren-shidren go fit dey rule for Jerusalem, di
town wey I don choose sey dem go for woship mi. 37 Jeroboam; I go make
yu king for Israel and yu go rule all di aria wey yu wont. 38 If yu obey and
follow my laws and yu win my heart as yu dey obey my kommand, just as
David my savant do, I go always dey with yu. I go make yu king for Israel
and I go make sure sey yor shidren-shidren go rule afta yu, just as I do for

David. 39 Bikos Solomon sin, I go ponish David shidren-shidren, but I nor
go ponish dem forever.' "

40 So, Solomon kon try to kill Jeroboam, but Jeroboam run go meet King
Shishak for Egypt kon stay der till Solomon die.

*Solomon Die*

41 Evry oda tin wey Solomon do; en works and wisdom, dem rite dem for
Solomon history book. 42 E rule Israel land from Jerusalem for forty years.
43 Solomon die and dem beri am for David Town and en pikin, Rehoboam
kon take-ova as king.

# 12

*Rehoboam Luz En Kingdom*

1 Rehoboam travel go Shekem, bikos Israel pipol don gada for der to
make am dia king. 2 Wen Nebat pikin, Jeroboam hear di news, e still dey
stay Egypt, di place wey e run go hide bikos of Solomon. 3 Dem kon send
pipol go koll Jeroboam kom and all of dem go meet Rehoboam kon tell
am, 4 "Yor papa, Solomon wiked us kon make us dey do hard work. If yu
sorry for us kon remove dis heavy load for awa head, wi promise sey wi
go respet yu forever."

5 Rehoboam ansa, "Afta three days, make una kom back and I go give
una my ansa." So, dem kon go.

6 King Rehoboam ask di old men wey bin dey advise Solomon, "Wetin
una wont make I tell dis pipol?"

7 Dem ansa am, "If yu wont make dis pipol serve yu well; give dem ansa
wey dem go like and dem go use all dia heart take serve yu forever."

8 King Rehoboam nor listin to dem, so e go ask di yong men wey bi en
mate, 9 "Wetin una wont make I do? Wetin I go tell dis pipol wey sey make
I sorry for dem?"

10 Dem ansa, "Yu go tell dem, 'I wiked and hard pass my papa, Solomon!'
11 Yu go still tell dem, 'My papa give una hard work do, but I go make di
work hard pass as e bi before. Na ordinary kane e take flog una, but na
koboko I go take dey flog una!' "

12 Afta three days, Jeroboam and di pipol go meet King Rehoboam, just
as e tell dem. 13 Di king nor listin to di old pipol advise, instead e tok to
dem anyhow, just 14 as di yong men advise am. E sey, "My papa give una
hard work, but I go make una work, hard pass as e bi before. My papa
dey flog una with ordinary kane, but I go flog una with koboko!" 15 Na so
God wont make e bi, so dat wetin E tell Profet Ahijah for Shiloh sey make
e tell Nebat pikin, Jeroboam, go fit happen and na dis make di king nor
listin to di pipol.

16 Wen di pipol si sey di king nor won listin to dem, dem kon bigin shaut,
"Make David and en family get out!
Wetin dem don do for us before?
Israel pipol; make wi dey go house!
Make King Rehoboam kare for ensef!"
So Israel pipol kon bigin kworel among demsef 17 as dem dey waka leave
Rehoboam make e bi king to only doz wey dey Judah aria.

18 So King Rehoboam send Adoniram wey bi di workers oga sey, make
e go meet Israel pipol, but dem stone am die and as King Rehoboam

hear wetin happen, e kwik-kwik enter en shariot kon run go Jerusalem.
19 And na since den Israel pipol for nort, bigin fight against David kingdom.
20 Wen all Israel Pipol hear sey Jeroboam don kom back from Egypt, dem
invite am kon make am king for Israel. So, na only Judah tribe kon dey
obey David shidren-shidren.

### *Shemaya Profesai*

21 Wen Rehoboam rish Jerusalem, e koll 180,000 strong sojas from Judah
and Benjamin tribe sey make dem go fight Israel tribe for nort.
22 But God tell Profet Shemaya, 23 "Make yu go tell Rehoboam, Judah and
Benjamin pipol sey: 24 'Make una nor attack una own brodas wey bi Israel
pipol, but make all of una dey go una house, bikos evritin dey happen, just
as I wont am.' " So all of dem obey God kon go dia house.

### *Jeroboam Sin*

25 King Jeroboam for Israel, guide and build wall round Shekem town,
wey dey di hill kountry for Efraim kon stay der for sometaim. Den e komot
for der kon go build and guide Penuel town.
26 E tell ensef, "As tins bi naw, if my pipol go Jerusalem go give God
sakrifice for di temple wey dey der, 27 dem go bigin respet Rehoboam for
Judah, den dem go won kon kill mi."
28 Afta e don tink am well-well, e make two melu image with gold kon
tell en pipol, "Israel pipol, e don tey wen una dey go woship for Jerusalem.
Naw, make una si di god wey bring una kom out from Egypt!" 29 E put one
of di gold melu for Bethel and di oda one, for Dan. 30 So di pipol kon sin
as dem dey woship di melu wey dey Bethel and Dan.
31 King Jeroboam still build one place on-top di hill sey make pipol dey
kom woship for der and e choose priest from family wey nor kom from
Levi tribe.

### *Woship For Bethel*

32 King Jeroboam still dey do one feast for di fifteent day for evry eight
mont, just like di feast for Judah. E make sakrifice for di gold melu on-top
di altar wey e make for Bethel kon put priest for di woship place wey e
build. 33 And for evry fifteent day for di eight mont; di day wey en ensef
choose; e dey go di altar for Bethel go do sakrifice to celebrate di feast,
wey e dey do for Israel pipol.

## 13

### *God Profet And King Jeroboam*

1 God tell one profet from Judah make e go Bethel and e rish der wen
King Jeroboam stand for di altar dey do sakrifice. 2 Just as God kommand,
di profet curse di altar kon sey, "Dis altar! Dis altar! Na wetin God tok bi
dis. Dem go born one pikin wey en name go bi Josaya for David family
and e go kut and burn di pagan priest wey dey serve and do sakrifice for
dis altar." 3 Di profet still sey, "Dis altar and di ashes wey dey inside, go
skata. Den, yu go know sey God don tok thru mi."
4 Wen King Jeroboam hear dis tin, e point kon sey, "Make una hold dat
man!" At wons, di king hand paralaiz and e nor fit strait am again. 5 Di
altar fall and di ashes kon skata, just as di profet tok with God name.

6 King Jeroboam tell di profet, "Abeg! Make yu pray to di Oga yor God
for mi sey, 'Make E heal my hand!' " So di profet pray to God and di king
hand kon strait again.
7 Den di king tell di profet, "Make yu kom chop for my house and I go
give yu sometin."
8 Di profet ansa, "Even if yu give mi half of evritin wey yu get, I nor go
chop or drink anytin with yu. 9 God kommand mi sey, make I nor chop
or drink anytin and make I nor go back di wey I take kom here." 10 So, di
profet nor follow di road wey e take kom, go back.

### *Di Old Profet For Bethel*

11 Dat time, e get one old profet for Bethel. E shidren kom tell am wetin
di profet wey kom from Judah do for Bethel and di tins wey e tell King
Jeroboam. 12 Di old profet ask dem, "Wish road e pass wen e dey go?" En
shidren show am di road, 13 so e tell dem make dem ready en donkey. Afta
dem ready am, di old profet enter kon 14 follow and meet di profet wey
kom from Judah under one oak tree where e sidan.

Den e ask am, "Na yu bi di profet wey kom from Judah?"

Di profet ansa, "Yes! Na mi."

15 So di old profet tell am, "Make yu kom my house kon follow mi chop."
16 But di profet from Judah ansa, "I nor go fit follow yu go house or chop
and drink anytin with yu, 17 bikos God don kommand mi sey make I nor
chop or drink anytin for here or go back as I take kom."
18 Den di old profet lie gi-am kon sey, "Mi too na profet like yu and God
kommand mi thru en angel sey make I kare for yu for my house." 19 So di
profet wey kom from Judah follow di old profet go en house go chop.
20 As dem sidan for di tabol, God tok thru di old profet 21 and e shaut tell
di profet wey kom from Judah, "God sey yu don disobey am, bikos yu nor
do wetin E kommand, 22 but instead, yu kon go back go chop for where E
sey make yu nor for chop. Bikos of wetin yu don do so, yu go die and dem
nor go beri yu for yor family grave."
23 Afta dem don chop finish, di old profet kon bring di Judah profet
donkey kom. 24 And as di profet dey go for road, one lion kom out kon
kill-am, den di lion and donkey kon stand near en dead body. 25 As some
pipol dey pass, dem si di dead body for road with di lion wey stand near
am. Den dem go Bethel go tok wetin dem si.
26 Wen di old profet hear wetin happen, e kon sey, "Dat na di profet wey
nor obey wetin God kommand! So God send di lion go kill-am, just as E
sey E go do."
27 Den e tell en shidren, "Make una bring my donkey for mi," Di shidren
bring am and 28 e kon go si di profet dead body for road and di donkey and
di lion still stand near am. Di lion nor chop di body or attack di donkey.
29 So di old profet karry di body put for di donkey kon go mourn and beri
am for Bethel. 30 E beri am for en own family grave, den en and en shidren
mourn for am and e kon sey, "Um, my broda, my broda!"
31 Afta dem beri am, di profet tell en shidren, "Wen I die, make una beri
mi for dis grave where I beri dis profet put, den make una put my bones
near en own. 32 Bikos all di tins wey God kommand, wey e tok against di
altar for Bethel and di place wey dem for dey woship for Samaria town,
must happen."

*Jeroboam Kommit Big Sin*

33 King Jeroboam for Israel nor still shange from di bad tins wey e dey
do, but e kontinue to dey choose priest from ordinary family make dem
kon serve for di altar wey e build. Na pipol wey just like to bi priest, e
dey make priest. 34 Dis sin wey e kommit kon make en kingdom skata rish
groun.

# 14

*Jeroboam Pikin Die*

1 Dat time, Jeroboam pikin, Abijah dey sick. 2 So Jeroboam tell en wife,
“Shange yorsef make pipol nor know who yu bi kon go Shiloh go meet
Profet Ahijah wey sey I go bi king for Israel. 3 Yu go gi-am ten bread; some
kakes and honey. Den ask am wetin go happen to awa pikin and e go tell
yu.” 4 So di woman go Profet Ahijah house for Shiloh.

Profet Ahijah nor dey si again, bikos e don old well-well. 5 God don tell
am sey Jeroboam wife dey kom ask am about en pikin wey nor well. So
God tell Profet Ahijah wetin e go do wen Jeroboam wife kom, even doh di
woman dress like anoda pesin.

6 As Profet Ahijah hear am dey knock di door, e ansa, “Make yu kom
inside, bikos I know sey yu bi Jeroboam wife. So wetin make yu dress like
anoda pesin? I get bad news for yu. 7 Make yu go tell King Jeroboam, ‘Dis
na wetin di Oga wey bi Israel pipol God tok, “I choose yu among evribody
kon make yu king for Israel. 8 I take di kingdom from David shidren-
shidren kon give yu. But yu nor bi like David my savant wey always dey
obey and do only wetin I like. 9 Yu don sin pass doz wey rule before yu. Yu
don rijet and make mi vex, bikos yu make juju and image kon dey serve
dem.

10 “ ‘ “Bikos of dis, I go skata yor throne kon kill all yor sons and shidren-
shidren; both di ones wey don old and di yong ones. I go finish yor family;
dem go swip dem komot like dirty. 11 Anybody for yor family wey die for
inside town, na dogs go chop en dead body and vulture go chop di ones
wey die for di open kountry. Mi, wey bi God, don tok.” ’ ”

12 So Profet Ahijah tell Jeroboam wife, “Naw, make yu dey go house back
and as yu just dey enter di town, yor pikin go die. 13 All di pipol for Israel
go mourn and beri am. Na only en dem go beri well for Jeroboam family,
bikos na only en di Oga wey bi Israel pipol God, dey happy with.

14 “God go put king for Israel wey go end Jeroboam throne. 15 God go
shake Israel land like wood wey dey float for wota. E go rut Israel pipol
komot from dis good land wey E give dia grand-grand papa kon skata dem
pass Eufrates River, bikos dem don make am vex as dem make Asherah juju
kon dey woship am. 16 God go abandon Israel pipol, bikos King Jeroboam
don make di pipol sin.”

17 So King Jeroboam wife kon go back to Tirzah. As e just dey enter en
house, en pikin kon die. 18 Israel pipol mourn and beri am, just as God tok
thru en savant, Profet Ahijah.

*Jeroboam Die*

[19] Evry oda tin wey Jeroboam do, di war wey e fight and how e rule,
dem rite dem for Israel kings history book. [20] Jeroboam rule for twenty-
two years. E die and dem beri am. So, Nadab, en pikin kon take-ova as
king.

*King Rehoboam For Judah*

[21] Rehoboam wey bi Solomon pikin, na forty-one years e bi wen e start to rule Judah and e rule for seventeen years from Jerusalem, di town wey God don choose from all Israel aria, as di place where dem go for dey woship am. King Rehoboam mama name na Naamah wey kom from Ammon.

[22] Judah pipol sin well-well and dem kon make God vex pass as E vex for
dia grand-grand papa. [23] Dem build where dem for dey woship yeye gods
kon use stones build Asherah juju for evriwhere, on-top di hills and for
under evry green trees. [24] Di one wey bad pass bi sey, e get some wimen
wey dey do ashawo work for doz place wey dem for dey serve juju. Judah pipol do tins wey dey make pesin shame, just as di pipol wey God drive komot for di land before, dey do.

[25] For di fift year wen Rehoboam dey rule, King Shishak for Egypt
kon attack Jerusalem. [26] All di good tins wey dey di temple and di gold
shield wey Solomon make, di king karry dem go Egypt. [27] King Rehoboam
make gold shield take replace dem kon put ofisas to guide di palis gate.
[28] Anytime di king go di temple, di guards go karry di shield kom, den take
am go back to di guard-room.

[29] Evry oda tin wey Rehoboam do, dem rite dem put for Judah king
history book. [30] Wen King Rehoboam and King Jeroboam dey rule, na so-
so fight dem dey fight demsef. [31] Wen Rehoboam die, dem beri am for
David royal grave for en town. En mama, na Naamah wey kom from Ammon and Rehoboam pikin, Abijah kon take-ova as king.

# 15

*King Abijah For Judah*

[1] For eighteen years afta Jeroboam don bi king for Israel, Abijah kon bi
Judah king [2] and e rule Jerusalem for three years. En mama na Maaka
wey Absalom born.

[3] E kommit sin like en papa and e nor gri respet di Oga wey bi God, just
as David en grand-grand papa respet am. [4] But bikos of David, Oga God
kon give Abijah one son wey go rule Jerusalem afta am. [5] God do like dis,
bikos David do wetin E like and e nor disobey any of en kommand, apart from Uriaya from Hit wey e kill.

[6] All di time wen Abijah bi king, na so-so war e dey fight with Jeroboam.
[7] Evry oda tin wey Abijah do, dem rite am put for Judah kings history
book. [8] Wen Abijah die, dem beri am for David Town and en pikin Asa
kon take-ova as king.

*King Asa For Judah*

[9] For twenty years afta Jeroboam don bi king for Israel, Asa kon bi king
for Judah [10] and e rule Jerusalem for forty-one years. En mama too na
Maaka wey Absalom born.

[11] Asa obey God, just as en grand-grand papa David do. [12] E drive all di
men and wimen wey dey do ashawo work for where dem for dey woship

juju kon skata di juju wey di former kings make. 13 E remove en mama
Maaka, as kween moda, bikos e dey serve Asherah juju. King Asa skata
di juju kon burn am for Kidron Valley. 14 Even doh King Asa nor skata
evriwhere where dem for dey serve juju, e still dey faithful to God till e
die. 15 All di tins wey en papa dedikate give God; di silva and gold wey en
ensef dedikate, e put dem for di temple.

16 All di time wey King Asa for Judah and King Baasha for Israel dey
rule, na so-so fight dem dey fight demsef. 17 King Baasha skata Judah kon
put sojas for Rama, so dat nobody go fit enter or go out from Judah.

18 So, King Asa karry all di silva and gold wey remain for di temple and
di palis kon give dem to some of en ofisas with dis message, go Damaskus
go give King Ben-Hadad for Siria. Na Tabrimmon bi Ben-Hadad papa and
na Hezion born Tabrimmon. 19 Di message wey e send go na: "Make wi bi
friends, just as awa papa dem bi. Dis silva and gold na di gift wey I give
yu. Make yu nor bi friend with King Baasha for Israel again, so dat e go
remove en sojas from my aria."

20 King Ben-Hadad agri with wetin King Asa tok and e send en soja
kommander make dem go attack Israel town. Dem attack and katch Ijon,
Dan, Abel-Bet Maaka; di arias near Galilee wotaside and evriwhere for
Naftali. 21 Wen King Baasha hear wetin happen, e pak en sojas from Rama
kon go Tirzah. 22 Den King Asa send message go evriwhere for Judah sey
make evribody help am karry di stones and timbas wey King Baasha take
fence Rama komot. Asa kon use di tins take fence Mizpa and Gibeah wey
bi towns for Benjamin aria.

23 Dem rite evry oda big tin wey King Asa do, plus di towns wey e fence,
for Judah kings history book. But wen e don old, e kon get diziz for en leg.
24 King Asa die and dem beri am for di royal grave for David Town and
Jehoshafat, en pikin kon take-ova as king.

### *King Nadab For Israel*

25 For di sekond year wen King Asa don dey rule Judah, Nadab wey bi
Jeroboam pikin kon bi king for Israel and e rule for two years. 26 E sin
against God, just as en papa Jeroboam do.

27 Baasha wey bi Ahijah pikin, wey kom from Issakar tribe kon plan
against Nadab and e kill-am wen en and en sojas won take-ova Gibbeton
for Filistia. 28 Dis tin happen for di third year wen Asa bi king for Judah.
So Baasha take-ova from Nadab as Israel king.

29 At wons, e bigin kill all Jeroboam family. So dat wetin God tok thru
Profet Ahijah from Shiloh, go happen. Dem kill evribody for Jeroboam
family and no one remain. 30 Dis tin happen, bikos Jeroboam make di Oga
wey bi Israel God vex, with di sins wey en and Israel pipol kommit.

31 Evry oda tin wey Nadab do, dem rite am for Israel kings history book.
32 Thru-out di time wen King Asa for Judah and King Baasha for Israel dey
rule, na so-so fight dem dey fight.

### *King Baasha For Israel*

33 For di third year wen Asa don bi king for Judah, Baasha wey Ahijah
born kon bi king for Israel and e rule from Tirzah for twenty-four years.
34 E nor obey God at-all and e make Israel pipol sin, just as Jeroboam do.

# 16

[1] God send Profet Jehu, Hanani pikin, go meet and give Baasha dis
message: [2] "Even doh yu nor important, I still make yu lead my pipol,
Israel. Naw yu don disobey mi like Jeroboam kon make my pipol sin and
dia sins don make mi dey vex. [3] So, I go kill yu and yor family as I do
Jeroboam. [4] Anybody for yor family wey die for town, na dog go chop am
and any one wey die for open field, na vulture go chop am."
[5] Evry oda tin wey Baasha do, dem rite am for Israel kings history book.
[6] King Baasha die and dem beri am for Tirzah. En pikin, Elah kon take-ova
as king.
[7] Na God give Profet Jehu di message wey e tok against King Baasha and
en family, bikos of di sin wey dem kommit. Nor bi only en wikedness dey
make God vex, but na bikos e kill evribody for Jeroboam family.

*King Elah For Israel*

[8] For di twenty-sixt year wen Asa don bi king for Judah, Elah wey bi
Baasha pikin kon bi king for Israel and e rule from Tirzah for two years.
[9] Zimri, one among en ofisas wey dey kare for half of di king shariot,
plan against am. One day for Tirzah, Arza wey dey kare for di palis, Elah
go en house kon drink too mush for der. [10] Zimri enter di house kon kill
and take-ova from King Elah. Dis tin happen for di twenty-sevent year
wey Asa bi king for Judah.
[11] As Zimri just bikom king, e kon kill evribody for Baasha family. E
kill all di men wey rilate to Baasha kon still kill en friends. [12] So wetin
God tok against Baasha thru Profet Jehu kon happen, bikos Zimri don kill
evribody for Baasha family. [13] Bikos dem dey woship juju and dem make
Israel pipol sin, King Baasha and en pikin Elah kon make di Oga wey bi
Israel pipol God, vex well-well.
[14] Evry oda tin wey Elah do, dem rite am for Israel kings history book.

*King Zimri For Israel*

[15] For di twenty-sevent year wey Asa don bi king for Judah, Zimri kon
rule Israel pipol from Tirzah for seven days, wen Israel sojas dey take-ova
Gibbeton town for Filistia [16] and wen dem hear sey Zimri plan kill di king,
for where all of dem dey, dem kon make Omri wey bi dia kommander,
king for Israel. [17] Omri with en sojas komot from Gibbeton go take-ova
Tirzah. [18] Wen Zimri si sey dem don take di town, e enter inside di palis
inna room, lite fire for der kon die inside. [19] Dis tins happen, bikos e sin
against God. E do bad tins like Jeroboam wey sin and enkourage Israel
pipol to sin.
[20] Evry oda tin wey Zimri do and how e plan against pipol, dem rite dem
for Israel kings history book.

*King Omri For Israel*

[21] Israel pipol kon divide, some of dem wont make Tibni wey bi Ginat
pikin, bi dia king and di odas dey for Omri side. [22] At last doz wey dey
Omri side kon win, bikos Tibni die and Omri kon bi king.
[23] So for di thirty-first year wey Asa don dey rule Judah, Omri kon bi
king for Israel and e rule for twelf years. Na from Tirzah e for rule for
di first six years [24] and e buy Samaria hill with 6,000 silva from one man
wey dem dey koll Shema, wey bin get di hill.

25 King Omri sin worse pass di sin wey doz wey don rule before am, do.
26 Like Jeroboam wey don rule before am, e make di Oga wey bi Israel God
vex, bikos e sin and enkourage Israel pipol to serve juju.
27 Evry oda tin wey Omri do, dem rite am for Israel kings history book.
28 King Omri die and dem beri am for Samaria and en pikin, Ahab kon
take-ova as king.

### *King Ahab For Israel*

29 For di thirty-eight year wey Asa don bi king for Judah, Ahab wey bi
Omri pikin kon bi king for Israel and e rule from Samaria for twenty-two
years. 30 En own sin against God, worse pass all di pipol wey don rule
before am. 31 E nor only kommit sin like Jeroboam, but e go marry Jezebel
wey bi King Etbaal for Sidon, pikin and Ahab still dey woship Baal. 32 For
Samaria, e build temple, make altar kon put Baal for inside. 33 E still build
Asherah juju. Di tins wey e do, make God vex pass wetin all di oda kings
for Israel don do before.
34 For di time wey e bi king, Hiel wey kom from Bethel kon build Jeriko
again. As God don tok thru Joshua wey bi Nun pikin, Hiel first pikin,
Abiram, die wen dem start to build Jeriko foundashon and en last born,
Segub kon die wen dem dey won put di town gate.

## 17

### *Profet Elijah*

1 E get one profet, en name na Elijah and e kom from Tishbe for Gilead.
E go tell King Ahab, "As long as di Oga wey bi Israel God (wey I dey serve)
dey alive, dew or rain nor go fall for some years, unless I kommand sey,
make rain fall."
2 Den God tell Elijah, 3 "Make yu komot der go hide near Kerit Valley for
Jordan River east. 4 Di valley go bring out wota wey yu go drink and I don
kommand birds make dem bring food kom give yu for der."
5 Elijah obey God kommand kon go stay for Kerit Valley. 6 E dey drink
wota from di valley and birds dey bring bread and meat kon gi-am evry
morning and evening. 7 Afta sometaim, di valley kon dry, bikos rain nor
fall again.

### *Elijah With One Woman*

8 Den God tell Elijah, 9 "Naw make yu go Zarefat town wey dey near
Sidon. I don tell one woman wey e husband don die make e give yu food."
10 So Elijah go Zarefat and as e rish di gate, e si one woman wey e husband
don die dey gada firewood. So Elijah tell am, "Abeg! Make yu give mi wota
make I drink." 11 As di woman dey go bring am, e still tell am, "Make yu
still bring bread kom for mi too."
12 Di woman ansa, "I promise with God wey dey alive sey, I nor get bread.
Di only tin wey I get na small flower for plate and olive oil for cup. I kom
gada firewood make I use take make am for mi and my pikin. Na dat one
bi di last food wey wi go chop before honga go kill us."
13 Elijah tell am, "Make yu nor worry. Just go kook yor food, but first
make one bread from wetin yu get kon give mi, den go make di remainin
ones for yu and yor pikin. 14 Bikos di Oga wey bi Israel God sey: 'Flower

and oil nor go finish from yor plate and cup till di day wey God go make
rain fall.' "
15 Di woman kon go do wetin Elijah tell am and all of dem si food chop
for many days. 16 As God don promise thru Elijah, flower and oil nor finish
from di woman plate and cup.
17 Afta sometaim, di woman pikin kon bigin sick. Bikos di sickness strong
well-well, di pikin kon die. 18 Di woman go meet Profet Elijah kon sey, "God
savant, why yu do mi dis kind tin? Yu kom here kon make God remember
my sins, den kill my pikin?"
19 Elijah tell am, "Make yu give mi di pikin." Elijah karry di pikin from
am, klimb go di room wey e dey stay for up kon put am for bed. 20 Den
e shaut kon pray, "My Oga God, why Yu allow dis kind bad tin happen to
dis woman? E dey kind and dey kare for mi! Naw, Yu don allow en pikin
die." 21 Den Elijah liedan on-top di pikin three times dey pray kon sey, "My
Oga God, make Yu give dis pikin life again!"
22 God ansa Elijah prayer, so di pikin kon kough and start to breath again.
23 Elijah karry di pikin go down kon tell en mama, "Si, yor pikin don kom
back to life!"
24 Di woman ansa, "Na naw I know sey yu bi God savant and God dey
really tok thru yu!"

# 18

*Elijah And Baal Profets*

1 Afta sometaim, for di third year wey rain nor gri fall, God tell Elijah,
"Make yu go meet King Ahab and I go make rain fall." 2 So Elijah go meet
King Ahab.
Dat time, e nor dey eazy to plant food for Samaria. 3 So Ahab koll
Obadaya wey dey kare for di palis. Obadaya dey serve God with all en
mind. 4 Wen Jezebel dey kill God profets, Obadaya hide hundred profets
for two kave; fifty-fifty for each kave and e dey bring food and wota kon
give dem. 5 King Ahab tell Obadaya, "Make yu go all di land; pass thru di
wota and di valley kon shek weda yu go si any aria wey grass dey, so dat di
animals go-go chop for der, make dem nor for die." 6 Ahab and Obadaya
kon divide di land among demsef. One go dis side, while di oda one go di
oda side.
7 As Obadaya dey go en side, Elijah kon si am. As Obadaya notis sey na
Profet Elijah, e fall face groun kon sey, "My oga, Elijah! Na yu really bi
dis?"
8 Elijah ansa, "Yes! Na mi. Make yu go tell yor oga sey, 'Elijah don kom
back.' "
9 Obadaya kon sey, "Wetin I do wey make yu wont make King Ahab kill
mi yor savant? 10 As long as yor Oga my God dey alive, I dey tell yu sey, my
oga don send pipol go evriwhere go find yu. Wen dem tell am sey, 'Yu nor
dey der,' e go make sure sey dem swear sey dem nor really si yu. 11 Naw,
yu dey sey, 'Go tell yor oga sey, "Elijah don kom back." ' 12 But wen I leave
yu, God Spirit go karry yu komot sotey I nor go si yu again. If I go tell King
Ahab sey I don si yu, den e find and nor si yu, e go just sey make dem kill
mi. Dat one nor good, bikos yor savant dey serve God well-well, since wen
e bi small pikin. 13 And na true sey, my oga know wetin I do wen Jezebel
dey kill God profets. I hide hundred profets for two kave, fifty-fifty for

each kave and I dey give dem wota and food. 14 Naw yu sey, 'Go tell yor
oga, "Elijah don kom back." ' But e go kill mi."
15 Elijah kon sey, "As long as God wey get pawa wey I dey serve dey alive, I go let King Ahab si mi today."

### *Elijah With Baal Profets*

16 Wen Obadaya go tell King Ahab wetin Elijah tok, di king kon go meet
am. 17 Wen Ahab si Elijah, e tell am, "Na yu really bring dis wahala kom Israel?"
18 Elijah ansa, "I nor bring wahala kom Israel. But na yu and yor papa family bring wahala as una abandon God kommand kon follow
Baal. 19 Naw, send message go gada Israel pipol kom meet mi for Mount Karmel with Baal 450 profets and Asherah juju 400 profets wey Jezebel dey support."
20 King Ahab send message go meet Israel pipol and dem gada all di
profets for Mount Karmel. 21 Elijah kon tell di pipol, "Na how e go tey rish before una go know wetin una suppose do? If God na di korrect God, den make una follow am! But if na Baal korrect, make una follow am too!"

But di pipol nor tok anytin.

22 Elijah kon tell dem, "Na only mi bi God profet wey remain, but Baal
profet na 450. 23 Make dem bring two melu kom give us. Dem go choose one for diasef, kut am into pieces kon put am for di wood. But dem nor go put fire. I go do di same tin to di oda melu and I nor go put fire too.
24 Una go koll una god name and I go koll my God name. Den, di one wey go ansa with fire, na-im bi di true God."

All di pipol ansa, "Dis test na good one."

25 Elijah tell Baal profets, "Make una first choose one among di melu kon start, bikos na una plenty pass. Make una koll una god name, but make
una nor lite fire put." 26 So dem take one melu as Elijah tok kon kill-am put on-top di firewood wey dem arrange.

Dem koll dia juju, Baal name from morning go rish aftanoon kon dey sey, "Baal! Make yu ansa us o-o." But e nor ansa dem, even as dem dey jump anyhow for di altar wey dem make.

27 For aftanoon, Elijah kon dey laf dem dey sey, "Make una shaut well-well. Afta all, na god e bi, may bi e dey tink or waka go out or travel.
May bi e dey sleep and e nid pesin wey go wake-am up." 28 So dem shaut
well-well, just as dem always dey do for dia juju. Dem use spear and swod
dey kut demsef, until blood bigin komot from dia body. 29 Dem shaut and
kry till aftanoon, but dem nor hear any sound, ansa or anytin.

30 Elijah kon tell di pipol, "Make una kom meet mi." So all di pipol go
meet am. E ripair God altar wey don skata since. 31 Den Elijah karry twelf stones wey stand for Jakob twelf tribes wey God tell sey, "Na Israel go bi
una new name." 32 E kon use di stones make altar give God. E dig one
big gutta round di altar wey go kontain four gallon of wota. 33 E arrange di firewood kon kut di melu put on-top. Den e sey, "Make una fetch wota put for four gallon kon pour am on-top di ofrin and wood." So den do as e tok.

34 Den Elijah sey, "Make una do am again and again." So dem do am
three times. 35 Di wota rush kom down from di altar kon full di gutta.

36 Wen time rish to do di evening ofrin, Profet Elijah waka go di altar go
pray, "My Oga God wey bi Abraham, Isaak and Israel God! Make Yu show
today sey, na Yu bi Israel God and I bi yor savant wey dey do di tins wey
Yu kommand. 37 My Oga God! Make Yu ansa mi! Ansa mi, so dat pipol go
know sey na Yu bi di true God, den dem go turn from dia sins kom meet
Yu."

38 At wons, fire from God kon fall from heaven. Di fire burn di ofrin, di
wood, di stones and di dirty kon dry di wota wey dey di gutta.

39 Wen di pipol si dis tin, dem fall face groun kon dey sey, "Na God bi di
true God! Na God bi di true God!"

40 Profet Elijah tell dem, "Make una hold di Baal profets! Make una
nor let any one eskape!" So dem hold di profets and Elijah karry dem go
Kishon Valley kon kill dem for der.

41 Den Elijah tell King Ahab sey, "Make yu go drink and chop, bikos yu
go soon hear heavy rain as e dey kom." 42 So King Ahab go chop and
drink and Elijah klimb go Mount Karmel. E bend kon put en face for en
leg centre, den e kon dey pray.

43 Leta e tell en savants, "Make yu go look di side wey di sea dey."

So di savant go look am kon kom back sey, "Nor-tin dey der."

Elijah kon send am go look again for seven times.

44 For di sevent time, di savant kon tell am, "I si one small kloud wey bi
like pesin hand dey raiz from di sea."

Elijah kon sey, "Make yu go tell King Ahab sey rain dey kom. Make yu
go with di shariot, so dat di rain nor go meet yu for road."

45 So dark kloud kon kover di sky; di wind blow and heavy rain bigin
fall. King Ahab ride dey go Jezrel. 46 Naw God give Elijah pawa, so e tie
en rope round en waist kon run with leg pass Ahab go Jezrel.

# 19

*Elijah For Mount Sinai*

1 King Ahab tell Jezebel all wetin Elijah do and how e kill all di Baal
profets with en swod. 2 Jezebel kon send message go meet Elijah dey warn
am sey, "Make di juju dem judge mi, if I nor kill yu by dis time tumoro,
just as yu kill di Baal profets."

3 Elijah kon dey fear, so e run go Beersheba for Judah. E leave en savant
for der, 4 as e dey travel go di wildaness. E go sidan under one big tree
kon sey make God kill-am. E sey, "My Oga God, my eye don si wetin big
pass mi, I beg, make Yu kill mi. I nor even betta pass my papa dem." 5 E
kon sleep under di tree.

At wons, one angel tosh am kon sey, "Make yu stand up kon chop." 6 As
e look, e si bread and wota for bottol near en head. E chop di bread and
drink wota, den e sleep again.

7 God angel wake am di sekond time sey, "Get up make yu chop, bikos di
waka wey yu won waka so, hard well-well." 8 Elijah get up kon chop and
drink wota again, den di food gi-am pawa to take waka for forty days go
di holy mountin for Sinai. 9 For der, e enter inside one kave kon sleep dat
nite.

At wons, God koll am, "Elijah, wetin yu dey do for here?"

10 E ansa, "My Oga God wey get pawa, na only Yu I dey serve, but Israel
pipol don break di kovenant wey dem make with Yu. Dem skata yor altar
kon kill all yor profets. Na only mi remain and dem won kill mi too!"
11 God tell am, "Make yu go stand for my front for di mountin. Si! God
dey ready to waka pass."
God send one strong breeze go shake di hills and di rocks, but God nor
dey inside di breeze. Afta di breeze stop, di groun kon dey shake and
swallow tins, but God nor dey inside. 12 Afta, fire kom out, but God nor
still dey inside di fire too. Afta di fire, Elijah kon hear one small vois. 13 As
e hear am, e kover en face with en klot kon waka go di kave door-mot for
outside.
Den one vois tell am, "Elijah! Wetin yu dey do for here?"
14 E ansa, "My Oga God wey get pawa, na only Yu I dey serve. But Israel
pipol don break di kovenant wey dem make with Yu. Dem skata yor altar
kon kill all yor profets. Na only mi remain and dem won kill mi too."
15 God tell am, "Elijah! Make yu go back to di desert wey dey near
Damaskus, enter di town go anoint Hazael as Siria king. 16 Make yu still
anoint Jehu wey bi Nimshi pikin, as Israel king. Den yu go anoint Elisha
wey Shafat born, wey kom from Abel-Meholah, bikos na en go bi profet
afta yu. 17 Anybody wey eskape and Hazael nor fit kill-am, Jehu go kill-am
and anybody wey eskape from Jehu, Elisha go kill-am. 18 But I still get
7,000 pipol for Israel wey dey obey mi and neva serve Baal before."

### *God Koll Elisha*

19 Elijah komot from der kon si Elisha, wey Shafat born, dey work with
twelf melu for en farm. E sidan on-top one, while eleven dey en front.
Elijah remove en own klot kon use am take kover Elisha body. 20 So, Elisha
leave en melu dem kon follow Elijah, den e sey, "Make I go tell my papa
and mama, 'Bye-bye,' den I go follow yu."
Den Elijah ansa, "Okay! Make yu go tell dem, but tink am well-well,
before yu kom follow mi!"
21 Elisha go back kon kollect en own melu, kill and kook dem, den e give
di meat to pipol make dem chop. So Elisha follow Elijah kon dey help am.

# 20

### *War With Siria*

1 King Ben-Hadad for Siria gada all en sojas, with thirty-two oda kings,
with dia horse and shariot, den dem mash go attack Samaria. 2 King Ben-
Hadad send messenjas go meet and tell King Ahab, 3 "Make yu surenda
yor silva and gold; yor wimen and yor shidren wey strong well-well give
mi."
4 King Ahab ansa, "Make una tell my oga, King Ben-Hadad sey I gri. Make
e take mi and evritin wey I get."
5 Leta di messenjas kom back to King Ahab sey King Ben-Hadad still dey
ask for anoda tin, "I bin sey make yu give mi all yor silva and gold, yor
wimen and shidren. 6 But I go send my ofisas make dem take yor palis,
yor ofisas house and evry betta tin wey dey inside. Na dis kind time dem
go take kom tumoro."
7 King Ahab koll di leaders kon tell dem, "Una si sey dis man won kollect
evritin wey wi get? E sey make I gi-am my wifes, shidren, silva and gold
and I gri."

8 Di leaders and di pipol ansa, "Make yu nor listin to am, nor gri!"
9 So King Ahab tell King Ben-Hadad messenjas sey, "Make una go tell di
oga my king sey I gri for di first tin wey e tok, but I nor gri for di sekond
one." Den di messenjas go kon kom back with anoda message 10 from Ben-
Hadad sey, "I go bring men kom distroy dis yor town and dem go use dia
hand karry all di good tins komot. Make di gods kill mi, if I nor do am."
11 Ahab ansa, "Make una tell King Ben-Hadad sey, 'Betta soja nor dey
make mout until e fight en war finish.' "
12 Dem tell King Ben-Hadad wetin King Ahab tok for where en and en
oda rulers sidan dey drink for dia tent. So e kon give en men orda sey
make dem ready to attack di town, den dem divide diasef into group.
13 But one profet go meet Ahab kon tell am, "God sey, 'Make yu nor fear
doz many sojas! I go make yu win dem today and yu go know sey, na mi
bi God.' "
14 Ahab ask, "Who go lead for di attack?"
Di profet ansa, "God sey make e bi di yong sojas wey di district govnor
dey kommand."
Di king kon ask, "Den who go kommand di main sojas?"
Di profet ansa, "Na yu."
15 So di king koll di 232 yong sojas wey dey under di district kommander.
Den e koll all Israel sojas and dem bi 7,000 men. 16 Dem attack for aftanoon
wen King Ben-Hadad and en thirty-two kings wey e karry follow body dey
drink for dia tent. 17 Na di yong sojas kom out first.
Pipol wey Ben-Hadad send go, kom tell am sey some sojas dey kom out
from Samaria.
18 Den e give orda sey, "Make una kill dem, weda dem dey kom fight or
make peace."
19 Na di yong sojas first attack, den Israel sojas kon follow dem for back
20 and each of dem kill di man wey e dey follow fight. Siria pipol kon
dey run and Israel pipol bigin porshu dem, but King Ben-Hadad and some
among en men enter horse kon run. 21 King Ahab enter di field, karry dia
horse and dia shariot kon win Siria pipol.
22 Den di profet go meet King Ahab kon sey, "Make yu go back go train
yor sojas kon make plan, bikos Siria king go attack una again for di next
rainin sizin."

### *Siria Attack Again*

23 King Ben-Hadad ofisas kon tell am, "Na gods for mountin bi Israel
pipol gods, naim make dem fit win us. But wi go win dem, if wi fight dem
for ordinary groun. 24 Naw, make yu remove di thirty-two kings kon put
doz wey sabi kommand sojas for field, yu go make dem di sojas oga. 25 Den
koll sojas wey many like di ones wey run leave yu, with di same nomba
of shariot and ordinary horse. Wi go fight Israel pipol for ordinary groun
and wi go win dem dis time." King Ben-Hadad gri kon follow dia advise.
26 For di next rainin sizin, e gada en men kon follow dem mash go Afek
town go attack Israel pipol. 27 Israel pipol gada kon ready diasef; dem mash
go kamp for two group kon face Siria pipol. Israel pipol bi like small-small
goat, bikos Siria pipol plenty kon full evriwhere for di kountry.
28 One profet go meet King Ahab kon sey, "Dis na wetin God tok: 'Bikos
Siria pipol tok sey I bi god for mountin and nor bi for groun, I go make yu
win dia many sojas and yu and yor pipol go know sey na mi bi God.' "

29 Israel and Siria pipol face diasef for dia kamps for seven days. For
di sevent day, dem kon bigin fight and Israel pipol kill 100,000 Siria men.
30 Doz wey survive run enter Afek town where di town wall fall press and
kill 27,000. King Ben-Hadad still run enter di town and e hide for di back
room for one house.
31 En ofisas go meet am sey, "Wi hear sey Israel pipol kings dey show
mesi. Make wi wear sak klot go meet am; may bi e nor go kill yu."
32 So, dem wear sak klot go meet King Ahab kon tell am, "King Ben-Hadad
yor savant dey beg yu make yu nor kill-am."
King Ahab ansa, "E still dey alive? Okay! E bi like broda to mi!"
33 Ben-Hadad ofisas dey look how Ahab go tok and wen e sey, "Broda,"
dem kon hold dat word sey, "Yu sey Ben-Hadad na yor broda!"
So King Ahab give orda sey, "Make una bring Ben-Hadad kom." Wen
King Ben-Hadad kom, King Ahab kon tell am sey make e enter di shariot
with am.
34 Ben-Hadad tell am, "I go give yu di towns wey my papa kollect from
yor papa and yu fit make one place wey yu go for dey sell for Damaskus,
just as my papa do for Samaria." King Ahab ansa, "If na bikos of dis, I go
free yu." E make agriment with am kon let am go.

### *One Profet Kondemn Ahab*

35 As God kommand, one profet among all di profets kon sey make dem
beat am.
But di oda profet nor gri, 36 so di first profet sey, "Bikos yu don disobey
wetin God kommand, one lion go kill yu as yu just komot from here." And
as e komot, one lion kom out kon kill-am.
37 Den di same profet go meet anoda man sey, "Make yu beat mi!" Di
man beat am well-well and e pain am. 38 Di profet bandage en face with
klot kon shange ensef, den go stand for road korna dey wait make Israel
king pass. 39 As di king dey pass, di profet koll am kon sey, "My king, I
dey fight war and one soja bring enemy wey dem katch kon meet mi sey,
'Make yu guide dis man. If e eskape; yu go die or yu go pay 3,000 silva
koin.' 40 But bikos I dey do oda tins, di man kon eskape."
Di king ansa, "Yu don judge yorsef, so yu must pay di prize."
41 Di profet tear di klot from en face and at wons, di king kon si sey na
one of di profets. 42 Di profet kon tell di king, "Dis na wetin God sey make I
tell yu, 'Bikos yu let di man wey I sey make dem kill eskape, yu go use yor
life pay for en own and dem go distroy yor sojas, bikos dem let en sojas
eskape.' " 43 So di king go back to Samaria and di word kon dey worry
am for mind.

# 21

### *Nabot Vineyard*

1 E get one vineyard wey dey near King Ahab palis for Jezrel and na
Nabot get am. 2 One day, Ahab tell Nabot, "Make yu give mi yor vineyard
wey dey near my palis, bikos I won use di land take do vegitabol farm. I
go give yu anoda vineyard or pay yu betta prize for dis one."
3 Nabot ansa, "I inherit dis vineyard from my grand-grand papa. God
forbid sey I go give or sell am to yu!"

4 King Ahab kon dey vex and e nor happy with wetin Nabot tell am. E
liedan face di wall for en bed and e nor gri chop.

5 Jezebel en wife go ask am, “Why yu dey vex like dis? Why yu nor gri
chop?”

6 E ansa, “Na bikos of wetin Nabot tell mi. I sey make I buy en vineyard,
or if e like, make I gi-am anoda one, but e nor gri!”

7 Jezebel ansa, “Nor bi yu bi di king? Make yu stand up from bed go
chop. I go make sure sey yu take Nabot vineyard!”

8 Den Jezebel rite leta, sign am with Ahab name, use en seal take seal
am kon send am go give di ofisas and doz wey bi leaders for Jezrel. 9 Di
leta sey,

> “Make una kwik-kwik gada di pipol make dem fast and pray den make
> Nabot dia leader. 10 Make una arrange two jaguda make dem akuiz am
> sey, e curse God and di king. Den take am komot for di town kon stone
> am die.”

11 Di ofisas and di leaders for Jezrel kon do wetin Jezebel tok. 12 Dem
choose one day to fast kon make Nabot di leader among di pipol. 13 Leta,
di two jaguda kon akuiz Nabot sey, e curse God and di king, so dem take
am go outside di town kon stone am die. 14 Dem send message go give
Jezebel sey, “Dem don stone Nabot die.”

15 As Jezebel just si di message, e tell King Ahab, “Naw, Nabot don die.
So make yu go take di vineyard wey e nor gri sell give yu.” 16 At wons,
Ahab go di vineyard kon take-ova.

17 Den God tell Profet Elijah wey kom from Tishbe sey, 18 “Make yu go
meet King Ahab for Samaria. Yu go si am for Nabot vineyard wey E take
by force. 19 Make yu tell am, ‘Mi wey bi God sey, “Afta yu don kill pesin
finish, yu won still take en propaty too?” ’ Still tell am sey, ‘Na for where
dog for lick Nabot blood, na der too, dogs go for lick yor own blood!’ ”

20 Wen King Ahab si Elijah, e kon sey, “My enemy, yu don find mi si abi?”

Elijah ansa, “Yes! I don find yu si. Yu don do wetin nor dey good at-all
for God eye. 21 So God sey, ‘I go put wahala for yor head. I go kill yu and
all di men for yor family; both yong and old ones. 22 Yor family go bi like
King Jeroboam wey Nebat born and like Baasha wey bi Ahijah pikin. Bikos
yu don make mi vex, as yu make Israel pipol dey sin.’

23 “And for Jezebel yor wife, God sey, ‘Na dogs go chop en body for Jezrel
town.’

24 “Anybody for yor relashon wey die for di town, na dog go chop am
and any one wey die for di open field, na vulture go chop am.”

25 (E nor get any oda pesin wey do dis kind bad tin for God present, like
Ahab, just bikos of en wife Jezebel. 26 Na-im kommit di sin wey big pass,
wen e go woship juju like Amor pipol wey God drive komot for di land,
before Israel pipol kom.)

27 Wen Elijah tok finish, King Ahab tear en klot kon wear sak klot. E nor
gri chop; e sleep with di sak klot and e kon dey sorry for ensef.

28 Den God tell Profet Elijah, 29 “Yu don si how King Ahab honbol ensef
for mi since wen yu tell am wetin I tok? I nor go bring wahala kon gi-am
wen e still dey life, but na en pikin go take head karry am.”

# 22

*Mikah Warn Ahab*

1 Peace kon dey between Israel and Siria for two years, 2 but for di third
year, King Jehoshafat for Judah go si King Ahab for Israel. 3 King Ahab ask
en ofisas, "Since na wi get Ramot for Gilead, wetin make us neva try to
kollect am back from Siria king?"

4 So King Ahab ask King Jehoshafat, "Yu go follow mi go attack Ramot
for Gilead?"

Jehoshafat ansa, "Mi and my sojas dey ready, if yu ready. 5 But make wi
ask God first."

6 So King Ahab koll almost 400 profets kon ask dem, "Make I go attack
Ramot for Gilead or not?"

Dem ansa, "Make yu go attack am, bikos God go make yu win."

7 But King Jehoshafat ask, "E nor get anoda profet wey wi fit still ask?"

8 King Ahab ansa, "E get anoda one, en name na Mikaya wey Imlah born.
But I hate am, bikos e nor dey profesai anytin wey dey good give mi, na
only bad tin e dey tell mi."

King Jehoshafat kon sey, "Make yu nor tok like dat!"

9 Den King Ahab koll di offisa for di kourt kon sey make e go bring Profet
Mikaya kom.

10 Di two kings wear dia royal robes kon sidan for dia thrones for di
gardin for Samaria gate and all di profets bigin profesai for dem. 11 One
among dem wey en name na Kenaana wey Zedekaya born kon use iron
make horn, den e tell King Ahab, "Dis na wetin God tok, 'Na dis tin yu go
take fight Siria pipol kon win dem finish.' "

12 All di oda profets tok di same tin kon sey, "Make yu go attack Ramot
for Gilead and yu go win dem, bikos God go give yu viktory."

13 Di ofisas wey go koll Mikaya kon tell am, "All di oda profets don
profesai viktory give di king. So make yu do di same tin."

14 But Profet Mikaya ansa, "I promise una with God wey dey alive sey, I
go only tok wetin God sey make I tok!"

15 Wen Profet Mikaya rish where King Ahab dey, di king ask am, "Profet
Mikaya, 'Make mi and King Jehoshafat go attack Ramot for Gilead?' "

Mikaya ansa, "Make una go attack am, bikos God go give una viktory."

16 But King Ahab ansa, "How many times I go tell yu sey, if yu dey tok
to mi with God name, make yu dey tell mi di trut?"

17 So Mikah kon ansa, "I si Israel soja wey skata for evriwhere for di hill
like sheep wey nor get who dey kare for dem. And God sey, 'Dis men nor
get leader, so make dem go dia house with peace.' "

18 Den King Ahab tell King Jehoshafat, "I nor tell yu sey e nor dey profesai
anytin wey dey good for mi? Na only bad tin e dey profesai for mi!"

19 Mikah still sey, "Naw, make yu listin to wetin God tok! I si God wey
sidan for en throne for heaven with all en angels as dem stand near am.
20 God ask, 'Na who go-go deceive King Ahab, so dat dem go kill-am for
Ramot Gilead?'

"Di angels kon dey tok difren tins, 21 until one spirit kom out kon tell
God, 'I go-go deceive am.'

22 "God ask am, 'How yu wont take deceive am?'

"Di spirit ansa, 'I go make all di profets lie for Ahab.'

"So God tell am, 'Make yu go deceive am, bikos e go hear yu.' "

23 Profet Mikah still sey, “Dis na wetin don happen. God don make dis
profets lie to yu. But en ensef don tok sey yu go si wahala!”
24 Den Profet Zedekaya wey bi Kenaana pikin, waka kom meet and slap
Mikaya, den e ask am, “Since wen God Spirit leave mi kon dey tok to yu?”
25 Mikaya ansa, “Yu go know di trut, wen yu go-go back of yor house go
hide.”
26 King Ahab kon give orda sey, “Make una arrest and karry Mikaya go
Amon, di ofisas town and Joash, my pikin, dey der too. 27 Una go tell dem
make dem put am for prison kon gi-am bread and wota till I go kom back.”
28 Mikaya ansa, “If yu kom back alive, den God nor tok thru mi!” E still
sey, “Make all of una hear wetin I tok so o-o!”

### *Ahab Die*

29 Den King Ahab for Israel and King Jehoshafat for Judah kon go attack
Ramot town for Gilead. 30 King Ahab tell King Jehoshafat, “As wi dey go di
war so, I go shange my klot, but make yu wear yor royal robe.” So Israel
king shange kon go di war.
31 Siria king don kommand en thirty-two kommanders wey dey use
shariot sey make dem nor attack anybody escept Israel king. 32 So wen
dem si King Jehoshafat, all of dem tink sey na Israel king bi dat, so dem
bigin attack am. But King Jehoshafat shaut, 33 den dem kon know sey e
nor bi Israel king, so dem stop to attack am.
34 So one Siria soja trow en arrow kon shuk King Ahab for belle. King
Ahab tell di man wey dey ride en horse, “Dem don wound mi! Make yu
turn komot for here!” 35 As di war dey kontinue, King Ahab just dey for
en shariot face Siria pipol. Di blood from en body kon kover en shariot,
so e kon die for evening. 36 As evening dey rish, dem kon orda Israel pipol
make dem dey go back to dia house.
37 Na so King Ahab take die and dem karry am go Samaria go beri. 38 Just
as God sey e go happen, dem wosh di shariot for Samaria pool where
ashawo for dey baf, den dogs kon dey lick Ahab blood.
39 Di remainin tins wey Ahab do wen e bi king; with evritin wey e get
and how e build big palis and difren towns, dem rite dem for Israel kings
history book. 40 Ahab die and en pikin, Ahazaya kon take-ova as king.

### *Jehoshafat Rule For Judah*

41 For di fourt year wey Ahab bi king for Israel, Asa pikin, Jehoshafat
kon bi king for Judah. 42 Jehoshafat na thirty-two years wen e start to rule
and e rule Jerusalem for twenty-five years. En mama na Azuba, wey bi
Shilhi pikin. 43 E do like en papa Asa kon dey obey and do only di tins wey
God wont, but e nor skata di place where dem for dey woship juju, so di
pipol kontinue to burn incense and offa sakrifice to dia juju. 44 Jehoshafat
make peace with Israel king.
45 Di remainin tins wey King Jehoshafat do; with all en good works and
di sojas wey e get, dem rite dem for Judah kings history book. 46 E remove
all di men and wimen ashawo wey dey woship for di juju altars; di ones
wey still remain wen Asa, en papa bi king. 47 For dis time, Edom nor get
king, na govnor dey rule dem.
48 King Jehoshafat build plenty big ship wey dey travel go get gold for
Ofir, but dem sink for Ezion-Geber. 49 Den King Ahazaya wey bi Ahab

pikin kon tell King Jehoshafat sey, "Make my men join yor plenty ship," But Jehoshafat nor gri.

50 King Jehoshafat die and dem beri am for en grand-grand papa, David Town. Jehoram en pikin kon take-ova as king.

### *King Ahazaya For Israel*

51 For di sevent year wey Jehoshafat bi king for Judah, Ahazaya wey bi
Ahab pikin kon dey rule Israel from Samaria. 52 E nor obey God and e dey
do di kind bad-bad tins wey en papa and mama do. E make Israel pipol
sin, just as Jeroboam wey bi Nebat pikin, tell dem to do. 53 E woship Baal
kon make di Oga wey bi Israel pipol God vex and na so en papa do too.

# Sekond Kings

*Elijah And Ahazaya*

1 Afta Ahab don die, Moab pipol kon go fight Israel pipol. 2 For dis time,
Ahazaya fall from en ofis window for Samaria kon bigin sick. So e koll
and send messenjas kon tell dem, “Make una go meet Baal-Zebub wey bi
Ekron god kon ask weda I go die or not.”

3 But God angel tell Profet Elijah wey kom from Tishbe, “Get up! Go meet
di messenjas wey Samaria king send kon tell dem, ‘Wetin make una won
go ask Baal-Zebub wey bi Ekron god? Na bikos una tink sey Israel pipol
nor get God? 4 So make una hear wetin God dey tell di king: “Yu nor go
stand up from di bed wey yu dey so, bikos yu must die!” ’ ” So Elijah kon
go.

5 Wen di messenjas go back, di king kon ask dem, “Wetin make una kwik
kom back like dis?”

6 Dem ansa, “One man tell us, ‘Make una go back go tell di king sey, “Dis
na wetin God tok: Wetin make una won go ask Baal-Zebub wey bi Ekron
god? Na bikos una tink sey Israel pipol nor get God? So di king nor go
stand up from di bed wey e dey so, bikos e go die.” ’ ”

7 Di king kon ask dem, “Make una diskribe di man wey tell una all dis
tin.”

8 Dem ansa, “E get hair full en body kon tie leda belt for waist.”

Di king kon sey, “Dat na Elijah wey kom from Tishbe.”

9 Den di king send one offisa with fifty sojas make dem go arrest Elijah
kom. Dem go meet Elijah for where e sidan on-top hill kon tell am, “Profet!
Di king sey make yu follow us kom!”

10 Elijah ansa di soja oga, “If I really bi profet, make fire kom down from
heaven kon burn yu and all yor sojas!” At wons, fire kom down, burn all
of dem.

11 Di king send anoda offisa and fifty sojas go again. Di offisa tell Elijah
sey, “Profet! Di king sey make yu follow us kom.”

12 Den Elijah ansa, “If I really bi profet, make fire kom down from heaven
kon burn yu and all yor sojas!” At wons, fire kom down kon burn all of
dem.

13 Di king still send anoda offisa and fifty sojas go. Dis third offisa go
meet Elijah kon fall for en front dey beg am, “Profet! Abeg, make yu nor
kill mi and my men wey bi yor savants. 14 True-true, wi know sey, fire
kom down from heaven kon kill di two ofisas with dia men wey first kom.
So wi dey beg make yu nor kill us.”

15 So God angel tell Elijah, “Make yu follow am go meet di king. Make
fear nor katch yu at-all.” So Elijah stand up kon follow am go meet di king.

16 Elijah tell di king, “Dis na wetin God tok, ‘Wetin make yu send pipol
go ask Baal-Zebub wey bi Ekron god? Na bikos yu tink sey Israel pipol nor
get God wey yu fit ask? Bikos of dis, yu nor go stand from di bed wey yu
dey so and yu must die.’ ” 17 Di king die just as God tok thru Elijah.

For di sekond year wey Jehoshafat pikin, Jehoram bi king for Judah,
Ahazaya broda wey bi Jehoram kon bi king for Israel, bikos di former king

nor born boy at-all. 18 Di remainin tins wey King Ahazaya do, dem rite dem put for Israel kings history book.

# 2

*Elijah Go Heaven*

1 Time kon rish wen God won take Elijah go heaven inside betta strong
breeze. Elijah and Elisha dey travel kom from Gilgal. 2 Elijah kon tell
Elisha, "Make yu stay here wait for mi, bikos God send mi go Bethel."

But Elisha ansa, "As long as God and yu dey alive, I nor go leave yu." So dem kon go Bethel togeda.

3 Den di profets sons wey dey Bethel kom meet and ask Elisha, "Yu know sey na today God won take yor oga komot yor hand?"

Elisha ansa, "Yes! I know, but make una kwayet."

4 Elijah kon tell Elisha, "Make yu stay here wait mi, bikos God send mi go Jeriko."

But Elisha ansa, "As long as God and yu dey alive, I nor go leave yu." So dem kon go Jeriko togeda.

5 Den di profets sons wey dey Jeriko kom meet and ask Elisha, "Yu know sey na today God won take yor oga komot yor hand?"

Elisha ansa, "Yes! I know, but make una kwayet."

6 Elijah kon tell Elisha, "Make yu stay here wait mi, bikos God send mi go Jordan River."

But Elisha ansa, "As long as God and yu dey alive, I nor go leave yu." So dem kon go togeda.

7 Fifty student wey dey go profets skool kon stand dey look Elijah and
Elisha as dem stand near Jordan River. 8 Elijah use en garment nak di wota
and di wota divide into two. Den, two of dem waka pass for dry groun.

9 Afta dem don waka pass, Elijah kon tell Elisha, "Make yu tell mi wetin yu wont make I do for yu, before God go take mi go heaven."

Elisha ansa, "Abeg! Make yu let mi get doubol of di pawa wey yu get."

10 Elijah kon ansa, "Wetin yu ask for so, nor dey eazy. But if yu si mi wen God dey karry mi go, yu go get am, but if yu nor si mi, yu nor go get am."

11 As dem dey waka dey tok dey go, one shariot with fire kom out at wons
kon separate dem two. Den strong breeze kon karry Elijah go heaven. 12 As
Elisha dey look, e kon dey shaut, "My papa, my papa, di shariot and sojas for Israel!" So e nor ever si Elijah again. Elisha kon tear en own klot to pieces.

*Elisha Take-ova From Elijah*

13 Elisha take di garment wey fall from Elijah hand kon waka go back
till e rish Jordan River wotaside. 14 Den e take di garment wey Elijah drop
for am take nak di wota kon sey, "Where di Oga wey bi Elijah God?" Den e nak di wota again and di wota divide into two. So Elisha kon waka pass go di oda side.

15 Wen di fifty student from Jeriko, si Elisha dey kom, dem kon sey, "Elijah spirit don enter Elisha." Dem waka go meet am kon bow for en
front. 16 Den dem tell Elisha, "Fifty strong men dey here with us wey bi yor savants, abeg make yu let dem go find yor oga. May bi God Spirit don karry am go put for one mountin or valley."

But Elisha sey, "No! Make una nor send dem go."

17 But di student kon dey disturb am, so e kon sey, "Make una go fine
am." Dem send fifty men go fine am for three days, but dem nor si am.
18 Wen dem kom back kon meet Elisha for Jeriko, e kon tell dem, "I nor
warn una sey make una nor go?"
19 Den di men for di town tell Elisha, "Awa oga! Even doh yu si sey di
town dey for betta aria, di wota bad well-well and anytin wey dem plant
for di land, nor dey grow."
20 Den Elisha sey, "Make una give mi one bowl kon put salt for inside."
Afta dem bring di bowl, 21 Elisha waka go where di wota for dey flow,
pour salt put kon sey: "Dis na wetin God tok: 'I don make dis wota good. E
nor go ever kause deat or pain again.' " 22 So till today, di wota dey good,
just as Elisha tok.
23 From Jeriko, Elisha kon go Bethel. As e dey waka for di street, some
small-small boys kom outside from di town kon dey curse am dey sey,
"Bololo head! Bololo head!" 24 So Elisha turn look dem kon curse dem
with God name. Den two woman bear kom outside from di wood kon kill
forty-two of di boys. 25 From der, Elisha go Mount Karmel, den e kon go
back to Samaria.

# 3

*Moab And Israel Pipol*

1 Ahab pikin, Joram kon bi king for Israel and e rule from Samaria for
twelf years and dat na di eighteen year wey Jehoshafat dey rule for Judah.
2 Even doh e nor gri follow God kommand, e nor bi like en papa and mama,
bikos e skata di Baal juju wey en papa make. 3 But just like Jeroboam, Nebat
pikin wey bi king before am, e still kontinue to lead and enkourage Israel
pipol to sin.
4 King Mesha for Moab dey barb sheep hair and e dey always give Israel
king 100,000 lamb and 100,000 rams wool, 5 but wen King Ahab die, Moab
king kon go fight with Israel king. 6 So King Joram mash from Samaria go
gada Israel sojas togeda. 7 Den e send message go meet King Jehoshafat
for Judah sey: "Moab king sey en won fight mi. Yu go follow mi go fight
am?"
King Jehoshafat ansa, "Okay! I go follow yu, bikos as yu bi, na so I bi
too. My pipol na yor pipol and my horse dem na yor own too."
8 Den e ask am, "Na where wi go pass go."
King Joram ansa, "Wi go pass thru Edom Wildaness."
9 So Israel, Judah and Edom kings kon dey go fight. Afta dem don waka
anyhow for seven days, dia sojas and animals nor kon get wota to drink
again.
10 Den Israel king sey, "True-true, na God bring us kom here so dat Moab
King and en pipol go kill us."
11 But King Jehoshafat ask, "Wi nor get any profet among us for here?
Make e help us find out from God."
One of Israel king savant kon ansa, "Shafat pikin, Elisha wey bin dey
pour wota for Elijah hand, dey here."
12 King Jehoshafat kon sey, "True-true, God dey tok thru am." So di three
kings kon go meet am.
13 Elisha kon ask Israel king, "Wetin mi and yu get togeda? Make yu go
meet yor papa and mama profets."

But Israel king ansa, "Nor tok like dat, bikos na God bring dis three kings togeda make Moab king and en pipol for kill us."
14 Elisha kon sey, "As long as di God of all gods dey alive and as I stand for en present, if nor bi sey I dey respet King Jehoshafat, I nor for even look yor face. 15 But naw, make una bring one pesin wey sabi sing kom."

Wen di pesin dey sing, God spirit kon enter Elisha 16 and e sey, "Dis
na wetin God dey tok, 'Make una dig gutta for di wildaness; 17 even doh
una nor go si breeze or rain, wota go full di wildaness and una with una
animals go drink beleful.' " 18 Elisha still sey, "Dis tin dey eazy for God eye.
E go give Moab and en pipol to una. 19 Den una must skata and distroy
evry strong town for der. Evry good tree for der, una must kut am down kon stop and klose where wota from dey flow. All di betta land for der, una go skata dem with stones."

20 Di next morning, around di time wen dem won offa di meat ofrin, wota flow kom from Edom kon full di land.

21 So, wen Moab pipol hear sey di kings dey kom fight dem, dem gada evribody wey fit wear soja uniform, both small and big kon go stand for
di borda. 22 Wen dem wake-up di next morning, di sun dey shine on-top di
wota and Moab pipol for di oda side si am kon sey di wota red like blood.
23 Dem kon sey, "Dis na blood o-o! Di kings don fight and kill each oda, so make wi go pak and take evritin wey dey dia kamp."

24 But wen dem rish Israel kamp, Israel pipol kill dem well-well and di remainin ones kon dey run; but Israel pipol porshu and kill dem as dem
dey run. 25 Dem distroy di town and each of dem kover all di good land wey dey der, with stones. Dem stop di place where wota for dey flow kon kut all di betta trees for der. Dem distroy evriwhere escept Kir-Heres wey bi di main town. Den di men wey karry katapault kon attack and distroy am.

26 Wen Moab king si sey di war too strong for am, e take 700 men follow
body, so dat dem go fit eskape go meet Siria king, but e nor fit. 27 So e take
en first son wey go bi king afta am kon kill-am as ofrin for God. Fear kon katch Israel pipol well-well, so dem kon go back to dia land.

# 4

*Elisha And One Woman*

1 One day, one woman wey en husband bi profet before e die kon kry go meet Elisha sey, "Yor savant my husband don die. Yu know sey yor savant dey follow God kommand. Naw, doz wey e dey owe money before e die, won kom take my two sons as slave."

2 Elisha ask di woman, "Wetin yu wont make I do for yu?" Make yu tell mi, "Wetin yu get for yor house?"

Di woman ansa, "Yor savant nor get anytin escept one small oil."

3 Den Elisha tell am, "Make yu go borrow plenty empty gallon kom. 4 Afta
yu don borrow dem, make yu enter house kon lock yor door, den pour di oil put for all di gallons and wons one full, put am for korna."

5 So di woman leave am kon lock en and en sons wey bring di gallon, for
inside dia house. Den e bigin pour di oil put for inside di gallons. 6 Wen
dem don full, e kon tell en sons, "Make una bring anoda gallon kom."

But di boys ansa, "All of dem don full." So di oil kon stop to pour kom out.

7 Den di woman go tell Elisha wetin happen and Elisha sey, "Go sell di
oil, use di money take pay yor debt, den make yu and yor sons sell di rest
kon use di money take buy food make una chop."

### *Elisha And Di Woman From Shunem*

8 One day, Elisha go Shunem, where one woman wey get money dey
stay. Di woman kon sey make Elisha kom chop for en house, so wen ever
Profet Elisha dey go Shunem, e go stop chop for der. 9 Den di woman tell
en husband, "My mind dey tell mi sey, dis man wey dey always pass and
kom here, na God profet e bi, 10 so make wi make one small room for up
kon put bed, tabol, chair and lantan for der, so dat wen ever e kom, e go
stay here with us."
11 So one day, Elisha kom visit dem; den e go rest for di room for up. 12 E
kon tell en savant Gehazi, "Make yu go koll di woman kom." So di savant
do as e tell am and di woman kon follow am kom. 13 Elisha tell Gehazi,
"Make yu tell di woman, 'Yu do well as yu dey kare for us, so wetin yu
wont make wi do for yu? Abi yu wont make I go tell di king and en sojas
oga sey yu bi good pesin?' "

Di woman ansa, "I get evritin wey I wont, as I dey stay among my pipol."
14 So Elisha tell Gehazi, "So na wetin yu wont make I do for am?" Gehazi
ansa, "Dis woman nor get pikin and en husband don old."
15 Elisha kon sey, "Make yu koll am kom." So Gehazi koll am and di
woman kon stand for di door-mot. 16 Den Elisha tell am, "For dis same
time next year, yu go karry yor son for yor hand."

Den di woman ansa, "No o-o! My oga! Yu bi God profet, so make yu nor deceive mi yor savant."

17 Just as Elisha don promise am, di woman get belle kon born for di
time wey Elisha tok.
18 Di pikin kon dey grow well-well. One day, e follow en papa go farm,
19 den e kon dey kry give en papa sey, "My head! My head dey pain mi!"
Den en papa tell en savant, "Make yu karry am go meet en mama." 20 So,
di savant karry am go meet en mama. Di pikin sidan for di mama leg till
aftanoon, den e kon die. 21 So di woman karry di pikin dead body go put
for Elisha bed for up kon komot der.
22 E koll en husband kon sey, "Abeg make yu send one among yor savant
and one donkey kom, so dat I go kwik rush go meet di profet kon kom
back."
23 But di husband ask, "Wetin make yu wont go si am today? Today nor
bi new moon or Sabat Day."

But di woman ansa, "Evritin dey okay."

24 Den e enter di donkey kon tell en savant, "Make yu drive fast as yu
fit drive rish, unless I sey make yu slow." 25 So di woman drive go meet
Profet Elisha for Mount Karmel.
Wen Elisha si di woman from far, e kon tell en savant Gehazi, "Si, na
dat Shunem woman dey kom so. 26 Make yu run go meet am kon ask am,
'Evritin dey okay? Yor husband dey okay? Wot about yor pikin, e dey
okay?' " Wen di savant run go meet and ask am, di woman ansa am,
"Evritin dey okay."
27 Wen di woman waka meet di profet on-top di mountin, e kon fall hold
am for leg. Gehazi won kon porshu am komot, but di profet sey, "Leave
am, dis woman dey pass thru pain and God nor let mi know before naw."

28 Den di woman sey, "My oga, na mi ask yu for pikin? I know tell yu
sey, 'Make yu nor deceive mi.' "
29 So Elisha kon tell Gehazi, "Tie yor garment well make yu follow dis
woman with my walkin stik. If yu meet anybody for road, make yu nor
greet am and if anybody greet yu, make yu nor ansa. Den if yu rish here,
take my walkin stik take tosh di pikin."
30 Den di pikin mama sey, "As long as God and yu dey alive, I nor go-go
without yu." So Elisha kon follow di woman go.
31 Gehazi don dey go for dia front. E put di walkin stik on-top di pikin
face, but di boy nor even shake body, so e kon go back go tell Elisha, "Di
boy nor wake-up o-o."
32 Wen Elisha rish di house, e kon si di boy dead body for en bed. 33 So e
enter inside di room, klose di door kon pray to God. 34 Den e stand up kon
go sleep on-top di dead body. E use en own mout take kover di boy mout,
en eye for di boy eye and e hold di boy hand tie, den e stresh ensef on-top
di boy and di pikin body kon warm. 35 Den Elisha get up kon dey waka
up-and-down for di house. E waka go meet di pikin kon sleep on-top am
again, den di boy kough seven times kon open en eye.
36 Elisha koll Gehazi kon sey, "Make yu go koll di Shunem woman kom."
So Gehazi go koll di woman. Elisha tell am, "Make yu go karry yor pikin."
37 Di woman bow kon use en face tosh groun for Elisha front, den e karry
en pikin kon waka komot.

*Bad Food*

38 Elisha go Gilgal and betta honga dey di land. Di profets sons sidan
round am. E kon tell en savant, "Make yu put big pot for fire kon make
food for dis pipol."
39 So, one among dem enter di field go gada leaf and vine wey e go take
kook. Wen e kom back, e kut dem put for di stew, but dem nor know wetin
dem dey do or wish kind leaf e bi. 40 Dem serve some give di men make
dem chop, but as dem chop di stew, dem kon shaut dey sey, "Profet! Dis
pot of stew go kill us o-o!" So dem nor fit chop am.
41 Den Elisha sey, "Make una give mi some flower." E pour di flower
inside di pot kon sey, "Serve some give di men make dem chop." So di
food kon dey good to chop.

*Elisha Feed Hundred Pipol*

42 Naw, e get one man from Baal-Shalishah wey bring en first food kon
give Elisha. Di bread na twenty. Elisha kon sey, "Make yu gi-am to di pipol
make dem chop."
43 But Elisha savant sey, "Make I give twenty bread to dis hundred men?"
Elisha ansa, "Give am to di pipol make dem chop, bikos God sey, 'Dem
go chop taya and di food go remain.' " 44 So e give di pipol and just as
God tok, dem chop beleful and some still remain.

# 5

*Elisha Cure Naaman*

1 E get one man wey en name na Naaman and na-im bi Siria sojas oga.
Siria king like and dey respet am well-well, bikos thru am, God don make
Siria pipol win many war. Naaman sabi fight well-well, but e get one kind
diziz for body.

[2] So, wen Siria sojas go fight war for Israel, dem katch one small girl kon
gi-am to Naaman wife, as en savant. [3] One day, di girl kon tell en madam,
"If to sey my oga go gri go meet di profet for Samaria, e go fit cure am
from dis diziz."
[4] So Naaman go tell di king wetin di Israel girl tok. [5] Siria king kon sey,
"Make yu go meet am and I go give yu leta wey yu go give Israel king."
So as Naaman dey go, e karry silva wey heavy rish 750 pounds; gold wey
heavy rish 150 pound and ten difren klot. [6] E take di leta go give Israel king
wey sey: "Dis leta na to let yu know sey na mi send my savant, Naaman
kom meet yu, so dat yu go heal am from en sickness."

[7] Wen Israel king read di leta, e tear en klot kon sey, "Na mi bi God wey
get pawa to give and take life? Wetin make di king tink sey I go fit cure
dis man? If yu tink am well-well, yu go si sey e dey find as e go take fight
mi."
[8] Wen Elisha, God profet hear sey di king tear en klot, e kon send pipol go
meet and tell di king, "Wetin make yu tear yor klot? Send am kom meet mi
and e go know sey Israel really get betta profet wey God send kom." [9] So
Naaman with all en men go meet and stand for Elisha door-mot. [10] Elisha
sey make en savant go tell Naaman, "Make yu go wosh yorsef seven times
for Jordan River, den yu go well."

[11] But Naaman vex waka komot dey sey, "I bin tink sey e go kom outside
kom meet mi, den koll en God name and wave en hand for di diziz, so
dat I go well. [12] Amanah and Farpar for Damaskus nor betta pass all di
rivers for Israel? Why e nor send mi go one of dem, so dat I go well?" So
Naaman vex komot from der.
[13] Den en savants go tell am, "Awa oga! If to sey di profet sey make yu
do one big tin, yu nor go rush go do am? So dis one wey e sey make yu do,
nor hard at-all, just go wosh yor body, so dat yu go well." [14] So Naaman go
wosh ensef inside Jordan River seven times, just as God profet kommand
am. Afta di sevent time, en skin kon smooth like small pikin own.

[15] Den Naaman and all en men go back go meet and stand for di profet
front kon sey, "True-true, I don know naw sey e nor get any God for dis
eart escept Israel own! Abeg make yu take dis gift from yor savant."

[16] But Elisha ansa, "God Forbid! As long as di Oga God wey I dey serve
dey alive, I nor go take anytin from yu." Naaman beg am well-well, but e
nor gri.
[17] So Naaman sey, "Since yu nor gri take anytin, abeg make yu give us
two donkey wey wi go use take pak una san go awa land, bikos I nor go
ever offa any ofrin give any oda god escept yor God. [18] I pray make God
forgive mi for dis tins: Wen my oga wey bi Siria king dey go woship en
juju Rimmon for en temple, I go nid to follow am go, bikos na mi bi en
rite-hand-man. But make God forgive mi even as I go bow to Rimmon for
di temple."
[19] So Elisha tell am, "Make peace follow yu as yu dey go."

Afta Naaman don travel small, [20] Gehazi wey bi Elisha savant kon tink
for en mind, "Si, my masta nor gri take wetin Naaman bring kom. As far
as God dey alive, I go run go meet am kon kollect some tins for mysef."

[21] So Gehazi porshu Naaman. Wen Naaman si sey pesin dey run kom
meet am, e kom down from en horse kon ask, "Hope evritin dey okay?"

[22] Gehazi ansa, “Yes! Evritin dey okay. Na my oga send mi kom meet yu
sey, ‘Two of di profets savant just kom meet mi from Efraim hill kountry.
So make yu give dem silva wey heavy rish seventy-five pounds and two
difren klot.’ ”
[23] So Naaman ansa, “Abeg make yu take silva wey heavy rish one
hundred and fifty pounds.” E beg Gehazi well-well kon pak am inside
two bags with two difren klot. Naaman give dis tins to two of en savant
make dem karry am follow Gehazi. [24] Wen Gehazi rish di hill, e karry di
gift from dem kon keep am for en house. Den e tell di men make dem dey
go, so dem kon go.
[25] Leta wen Gehazi go stand near en masta, Elisha kon ask am, “Gehazi,
where yu go since?”
Gehazi ansa, “I nor go anywhere o-o.”
[26] Elisha kon tell am, “My spirit dey der with yu wen di man kom down
from en horse kon meet yu. Dis nor bi di rite time to kollect money,
klot, olive oil, vineyard, animal or savants. [27] Bikos of dis tin wey yu do
so, Naaman diziz go katch yu and yor shidren-shidren forever.” So wen
Gehazi komot from Elisha front, di diziz kon katch am and en body kon
dey white like snow.

# 6

*Axe Head*

[1] Some profet kon tell Elisha “Si, di place where wi dey stay too small for
us. [2] So make wi go Jordan aria where wi go for get and kut betta wood
kon build betta house for awasef for der.”
Elisha ansa dem, “Make una go.”
[3] But one of dem tell am, “Abeg oga, make yu follow us go.”
So Elisha ansa, “Okay, I go follow una.” [4] So e follow dem go.
Wen dem rish Jordan, dem kon start to kut trees down. [5] As dem dey
kut, one of dem axe head kon fall enter Jordan river. Den e shaut, “My
oga, I don die. Na borrow I borrow dis axe o-o!”
[6] So Elisha ask, “Na wish side e fall put?” So di man show am where e
fall put, den Elisha kut small branches for di tree kon drop am put for der,
den di axe head kon float kom up. [7] Elisha tell di man, “Make yu pick di
axe komot from di wota.” So di man kon pick am.

*Elisha Win Many Sojas*

[8] Naw, Siria pipol kon dey fight Israel pipol. Siria king kon koll doz wey
dey advise am and dem tell am where and wen e go take attack.
[9] But Elisha sey make dem go tell Israel king sey, “Make yu nor pass thru
dis place, bikos Siria king go attack der.” [10] So Israel king send message
go meet en men about wetin Elisha tok and e warn dem well-well. Nor bi
only wons dis tin happen.
[11] Di tin kon make Siria king dey vex well-well. So e koll all doz wey dey
advise am kon sey, “E bi like sey one of us dey help Israel king.” [12] One
of dem ansa, “My king, dat kind tin nor fit happen. Na Profet Elisha for
Israel dey tell di king evritin, even di words wey yu dey tok for inside yor
bedroom, e dey hear am.”
[13] So di king sey, “Make una go find out where e dey, so dat I go send
men go katch am kom.” Leta, dem kon tell di king, “Elisha dey for Dotan.”

14 So e send strong sojas and horse make dem go katch Elisha kom. Dem
rish der for nite kon surround di town.

15 Wen Elisha savant get up for early morning go outside, e kon si sey
sojas surround di town with dia horse. Den e go tell Elisha, “Oga! Na die
wi dey so o-o, wetin wi go do naw?”

16 Elisha ansa, “Make yu nor fear, bikos di ones wey dey with us, many
pass di ones wey dey with dem.”

17 Den Elisha kon pray, “Oga God, make Yu open my savant eye, so dat
e go si for ensef.” So God open di savant eye, so e kon si sey many horse
with fire kover di mountins wey surround Elisha.

18 As Siria sojas dey kom, Elisha kon pray, “Oga God, make yu blind all
dis pipol eye.” So God make dem blind, just as Elisha ask.

19 Den Elisha tell dem, “Dis nor bi di rite road or town. Make una follow
mi and I go take una go meet di man wey una dey find.” So e karry all of
dem go Samaria. 20 Wen dem don enter Samaria, Elisha kon sey, “My Oga
God, make Yu open dia eye, so dat dem go si.” So God open dia eye and
dem kon si sey dem dey inside Samaria.

21 Wen Israel king si dem, e kon ask Elisha, “My oga, make I kill all of
dem?”

22 Elisha ansa, “Nor kill dem! Yu nor katch dem with yor swod or arrow,
so who give yu di pawa to kill dem? Make yu give dem food chop and wota
drink, den make dem go back go meet dia oga.” 23 So di king do big party
for dem and dem chop and drink. Den e send dem go back go meet dia
oga. Afta dat, no soja for Siria ever kom fight against Israel pipol again.

### *God Save Samaria*

24 Leta, King Ben-Hadad for Siria gada all en sojas go surround and attack
Samaria. 25 Bikos of wetin dey happen so, Samaria pipol food kon finish
and dem kon dey sell donkey head for eight silva and half pound for dove
shit kon bi five silva.

26 As Israel king dey strol pass di town wall, one woman kon shaut, “My
king, make yu help us o-o!”

27 Di king ansa, “No! If God nor help una, na how I won take help una?
I fit give una korn wen korn nor dey? Abi I fit give una wine wey I nor
get?” 28 Den di king ask di woman, “Wetin bi yor problem?”

Di woman ansa, “One woman sey, ‘Make yu give mi yor pikin make wi
chop today, den wi go chop my own tumoro.’ 29 So wi boil my pikin chop.
Di next day, I kon tell am, ‘Bring yor pikin make wi chop,’ but e nor gri!”

30 Wen di king hear wetin di woman tok, e tear en klot. As di king dey
waka pass di town wall, di pipol kon si sey e wear sak klot. 31 Den di
king sey, “Make God ponish mi if I nor kut Shafat pikin, Elisha head komot
before today go end!”

32 By dis time, Elisha sidan for en house with di kommunity leaders. Di
king kon send pesin go for front, but before e rish der, Elisha tell di leaders,
“Una nor know sey di pesin wey di king send dey kom kut my head komot?
So, wen e rish here, make una lock di door, so dat e nor go enter, bikos en
oga dey kom for back.”

33 E still dey tok to dem wen di pesin wey dem send, kom tell am, “Di
king sey, ‘Na God dey kause all dis wahala for us! Wetin go make mi still
dey wait make E kom help mi?’ ”

# 7

1 Elisha ansa, “Make una hear God word, ‘By dis time tumoro, three
kilogram for di best flower and six kilogram for barley, una go dey buy
dem with one silva.’ ”
2 One of di king ofisas ansa, “Abeg. Dat nor fit happen! Even if God ensef
dey drop food from heaven, e nor go fit happen!”
Elisha ansa, “Yu go si am dey happen, but yu nor go ever chop from
am!”

### *Siria Sojas Run*

3 Four men wey get diziz for body, sidan for di town gate. So dem tell
demsef, “Wetin make us just sidan for here dey wait di time wey wi go
die? 4 If wi enter di town, hongry go kill us and if wi stay here, hongry go
still kill us! So make wi go Siria sojas kamp. Di highest wey dem fit do, na
to kill us, but may bi dem go fit still sorry for us.”
5 So, as day dey dark, dem kon go Siria sojas kamp, but wen dem rish der,
dem nor si anybody, 6 bikos God don make Siria sojas hear nois like sey
many sojas with dia shariot dey kom fight dem. So Siria sojas tell demsef,
“Si, Israel king don go hire Hit and Egypt kings with dia sojas, so dat dem
go kom attack us.” 7 So dat evening, Siria sojas run leave dia kamp, horse,
donkey and evritin wey dem get for di kamp.
8 Wen di four men rish di kamp door-mot, dem enter di tent, chop and
drink beleful kon kollect and go hide di silva, gold and klot wey dem si.
Den, dem enter anoda tent kon do di same tin.
9 Den dem tell each oda, “Wi nor suppose to dey do like dis! Wi get betta
news and wi must go tell awa pipol. If wi wait until tumoro morning before
wi tok, di king go ponish us. So make wi go naw go tell di king ofisas!”
10 So dem go Samaria kon tell di guards wey dey di gate sey: “Wi go Siria
sojas kamp and wi nor si anybody for der; dem run leave all dia horse and
donkey and di tent bi as dem leave am.” 11 Di guards announce di news
and dem kon go tell di king.
12 By dat time, day don dark well-well, but di king tell en ofisas, “I go
tell una wetin Siria sojas dey plan! Dem know sey honga one kill us, so
dem don leave dia kamp go hide, bikos dem dey hope sey, wi go leave awa
town go find food for dia kamp, den dem go katch us alive kon konker dis
town.”
13 One of di ofisas ansa, “Di pipol wey dey di town don taya already,
bikos dem bi like pipol wey don already die. So make wi send some men
with five horse from di ones wey remain for di town. (Even if dem kill
dem, na di same tin go still happen to evribody wey dey Israel, bikos all
of us go still die!) Make wi send dem go, so dat wi go really know wetin
dey happen.”
14 So dem choose some men and di king kon send dem go with two
shariot sey, “Make una go look wetin happen to Siria sojas.” 15 As di men
dey travel go Jordan aria, na klot and swods wey Siria sojas drop as dem
dey run, full di road. So dem go back kon tell di king wetin dem si. 16 Den
Samaria pipol rush enter Siria kamp kon pak evritin wey dey der. And as
God tok, three kilogram for di best flower or six kilogram for di best korn,
dem kon dey sell am for one silva.
17 So Israel king put en own offisa as guide for di town gate. But di pipol
mash am die for der, just as Elisha tell di savant wen di king kom meet am.

18 Elisha don tell di king before sey by dis time tumoro for Samaria gate,
dem go dey sell three kilogram for di best flower and six kilogram for di
best korn for one silva 19 and dat ofisas bin ansa sey, "E nor fit happen,
even if God ensef go send korn kom naw-naw!" And Elisha tell am, "Yu
go si am dey happen, but yu nor go ever chop from di food." 20 And dat
na wetin just happen to di man. Pipol mash am die for di town gate.

# 8

*Elisha Help Di Shunem Woman Again*

1 So Elisha advise di Shunem woman wey e wake en pikin from deat
sey, "Make yu and yor family go stay for anoda place for sometaim, bikos
God don sey honga go dey dis town for seven years." 2 So di woman do as
di profet tell am. En and en family kon go stay for Filistia land for seven years.

3 Afta dat time, di woman kom back from Filistia kon go meet di king
make e gi-am en house and land back. 4 For dis time, di king tell Gehazi
wey bi di profet savant sey, "Make yu tell mi all di wonderful tins wey
Elisha don do." 5 As Gehazi dey tell di king how Elisha take wake pesin
wey don die, di woman wey Elisha wake en pikin, waka kom ask di king about en house and lands.

So Gehazi sey, "My oga di king, dis na di woman and en son wey Elisha
wake from deat!" 6 Di king ask di woman weda di story na trut and di woman kon tell am evritin.

So di king tell one of en kourt ofisas sey make e kare for di woman, den e orda dem, "Make una give dis woman en house and land back, plus di money for evry fruit wey di land produce from di day wey e komot from dis town kom rish naw."

*Elisha Meet Hazael*

7 Elisha travel go Damaskus wen King Ben-Hadad for Siria nor well. Dem
kon tell di king, "Di profet don kom." 8 So di king tell Hazael, "Make yu
take gift go give di profet. Tell am make e help yu ask God, 'I go well from dis sickness at-all?' "

9 Den Hazael kon go visit Elisha. E karry gift and forty kamel wey full with all di fine-fine tins wey dey Jerusalem follow body. Wen e rish der, e stand for di profet front kon sey, "Na yor pikin, King Ben-Hadad for Siria send mi kom ask yu sey, 'I go well from dis sickness at-all?' "

10 Elisha ansa, "Go tell am sey God don show mi sey e go really die, but
dis sickness nor go kill-am." 11 Elisha kon dey look Hazael one kind, sotey
Hazael kon konfuse. Den di profet start to kry.

12 Hazael kon ask am, "My oga, wetin make yu dey kry?"

Elisha ansa, "Na bikos I know di kind trobol wey yu go kause for Israel pipol. Yu go burn dia propaty, kill dia yong men, distroy dia shidren and wimen wey get belle, yu go kut dia belle open."

13 Hazael ansa, "How e won take happen, bikos I nor even betta rish dog?"

Elisha ansa, "God don show mi sey yu go bi Siria king." 14 So Hazael
leave Elisha kon go back to en house. King Ben-Hadad ask am, "Wetin
Elisha tok?" Hazael ansa, "E sey yu go well again." 15 Di next day Hazael
take small klot, put am for wota kon use am dey tosh Ben-Hadad face until e die. Den Hazael kon bi Siria king.

### *Jehoram Rule For Judah*

16 For di fift year wen Joram, Ahab pikin dey rule for Israel, Jehoshafat
pikin Jehoram kon bi king for Judah. 17 E bi thirty-two years wen e start to
rule and e rule for eight years for Jerusalem. 18 E rule as di oda kings for
Israel, en wife na Ahab pikin and just like Ahab family, en too join for di
wiked tins wey Israel king dey do. E sin against God, 19 but God nor won
distroy Judah. E keep Judah, bikos of di promise wey E don make with
David en savant.
20 Wen e dey rule, Edom pipol free demsef from Judah kon get dia own
king. 21 King Jehoram cross go Zair with en men. Edom pipol surround
and attack am for nite kon win en and en men, den Israel sojas run go
back to dia land. 22 So till today, Edom pipol dey free from Judah hand.
For dat time, Libnah pipol still kause wahala too.
23 Di remainin tins wey Jehoram do, plus evritin wey e build, dem rite
dem for Judah kings history book. 24 Jehoram die and dem beri am with
en grand-grand papa dem for David Town. En pikin Ahazaya kon take-ova
as king.

### *Ahazaya Rule Judah*

25 For di twelft year wey Ahab pikin, Joram dey rule Israel, Jehoram
pikin, Ahazaya kon bi king for Judah. 26 Ahazaya na twenty-two years
wen e start to rule and e rule Jerusalem for one year. En mama name
na Atalaya wey bi King Omri for Israel grand-pikin. 27 Bikos Ahazaya na
family memba to Ahab thru marriage, en too sin against God, just like
Ahab family.
28 King Ahazaya join King Joram for Israel go fight King Hazael for Siria
for Ramot for Gilead where Siria pipol for win and wound King Joram for
di fight. 29 King Joram go back to Jezrel go trit ensef bikos of di wounds
wey Siria sojas giv-am, wen e fight King Hazael. So King Ahazaya, Joram
pikin kon go visit am.

## 9

### *King Jehu For Israel*

1 Naw, Elisha koll one among di profet sons kon sey, "Wear yor klot, den
take dis olive oil kontaina go Ramot for Gilead. 2 Wen yu rish der, make
yu find Jehu, Jehoshafat pikin and na Nimshi bi Jehoshafat papa, den take
Jehu go one room. 3 Take di olive oil, pour am for en head kon sey, 'Dis na
wetin God tok, "I don choose yu as Israel king." ' Den make yu kwik-kwik
komot from der!"
4 So di profet pikin kon go Ramot for Gilead. 5 Wen e rish der, Jehu wey
bi di sojas oga, sidan for der. So e sey, "Offisa, abeg, I get message for yu."
Jehu kon ask, "Na wish one of us yu dey tok to?"
E ansa, "Oga, na yu."
6 So Jehu stand up, follow am go inside. Den di profet pour di olive oil for
en head kon sey, "Dis na wetin di Oga wey bi Israel God tok, 'I don choose
yu as Israel king. 7 Yu go distroy yor oga, Ahab family. I go revensh Jezebel
bikos of my savants, di profets wey e kill. 8 Evribody for Ahab family go
die finish. Evry son wey dey Ahab family for Israel, I go kill all of dem,
both di ones wey dey free and di ones wey bi slave. 9 As I do Jeroboam,
Nebat pikin and Baasha, Ahijah pikin with dia shidren-shidren, na so too

I go distroy Ahab shidren-shidren. 10 Dogs go chop Jezebel for Jezrel land
and nobody go beri am.' " Den di yong profet kon kwik-kwik komot der.
11 Wen Jehu go back go meet di oda ofisas, dem kon ask am, "Yu dey
okay? Wetin make dis mad man kon visit yu?" Jehu ansa, "E nor dey
important! Una know dis pipol with di way dem dey tok."
12 But dem sey, "Yu dey lie! Make yu tell us wetin e tok."
Jehu ansa, "E tell mi sey, God tok sey: 'I don choose yu to bi king for
Israel.' "
13 So each of dem kwik-kwik remove dia klot kon spread dem put for
Jehu leg for di step. Dem blow di trumpet kon shaut sey, "Na Jehu bi king!"

### *Jehu Kill Joram And Ahazaya*

14 Den Jehu kon dey plan against King Joram wey dey Ramot Gilead dey
trit ensef from di wound wey e get from di fight against King Hazael for
Siria. 15 So Jehu tell di oda ofisas, "If una dey with mi, make una make
sure sey nobody komot from Ramot go warn Jezrel pipol." 16 Den Jehu
enter en horse kon go Jezrel, bikos dem dey trit Joram for der. (For dis
time, King Ahazaya for Judah don kom visit Joram.)
17 Naw, di gateman stand for di gate for Jezrel kon si Jehu men dey kom.
So e sey, "I si some men dey kom!"
King Joram kon orda sey, "Make yu send one pesin go mi dem kon ask,
'Hope evritin dey okay?' "
18 So dem send one man go meet Jehu kon ask, "Di king dey ask, 'Hope
evritin dey okay?' "
Jehu ansa, "E nor koncern yu, just follow mi."
Di gateman kon go tell di king, "I send pesin go, but e neva kom back."
19 So e send anoda pesin go ask, "Dis na wetin di king ask, 'Hope evritin
dey okay?' "
Jehu ansa dis one too sey, "E nor koncern yu, just follow mi."
20 Di gateman kon go tell di king again sey, "I send anoda pesin go, but e
neva kom back. But di pesin wey dey lead dis men bi like Jehu and e dey
ride kom with speed."
21 King Joram kon sey, "Make una ready my horse." Wen dem don ready
en horse, King Joram for Israel and King Ahazaya for Judah kon enter dia
horse go meet Jehu. Dem meet am for one land wey bi Nabot for Jezrel
own before. 22 Wen King Joram si Jehu, e kon ask, "Jehu, hope evritin dey
okay?"
Jehu ansa, "How evritin won take dey okay wen yor mama still dey make
pipol serve juju and do oda bad tins."
23 King Joram kon tell King Ahazaya sey, "Na plan work!" Den e turn en
horse kon dey run. 24 Jehu karry en bow and arrow kon shot King Joram
and di arrow enter en heart, so e fall from en horse kon die. 25 Jehu kon
orda Bidkar, en offisa sey, "Make yu go karry en dead body trow for di
land wey bi Nabot for Jezrel own before. Remember sey mi and yu dey
ride with Ahab en papa wen God tok about dis tins sey, 26 'I si as una kill
Nabot and en sons yestiday. And I promise sey I go still ponish yu for dis
same land.' So make una trow di body for di field, so dat wetin God tok,
go happen."
27 Wen King Ahazaya for Judah si wetin happen, e kon run face Bet-
Haggan. Jehu porshu am kon sey, "Make una kill-am too." Dem shot am
as e dey drive dey go Gur near Ibleam. But e still manage run until e

rish Megiddo for where e for die. 28 En offisa karry en body go back to
Jerusalem kon beri am with en grand-grand papa dem for David Town.
29 Ahazaya na king for Judah for eleven years wen Joram, Ahab pikin dey
rule.

30 Jehu kon ride dey go Jezrel. Wen Jezebel hear wetin happen, e paint
en eye, do en hair well kon dey look from di window. 31 As Jehu enter
thru di gate, Jezebel kon sey, "Zimri, yu wey kill yor oga! Hope evritin dey
okay? Wetin yu dey do for here?"

32 Jehu look up kon shaut, "Na who dey my side?" Like two or three
kourt ofisas look am from di window. 33 So Jehu orda, "Make una trow
dat woman kom down!" So dem trow Jezebel from di window kom down.
And as Jezebel nak groun, en blood kon spread go di wall and di horse
body, den Jehu ride en horse pass Jezebel dead body.

34 Jehu enter di palis kon sidan chop for der. Den e sey, "Make una go
trowey dis wiked woman dead body. Make una beri am, bikos na king
pikin e bi." 35 But wen dem won go beri Jezebel, dem nor si anytin escept
en skull, leg and hand. 36 Dem kon go back go tell Jehu wetin happen, den
e sey, "All wetin God tok thru en savant Elijah wey kom from Tishbe, don
really happen. Bikos Elijah warn dem sey, 'Na for Jezrel land, dogs go for
chop Jezebel flesh kon lick en blood. 37 Wetin remain for Jezebel body, go
skata like dirty for Jezrel land and pipol nor go fit know am at-all.' "

# 10

### *Jehu Kill Evribody For Ahab Family*

1 Ahab get seventy sons for Samaria. So Jehu rite and send leta go give
di sojas oga and doz wey dey guide Ahab shidren. Dis na wetin e rite for di
leta: 2 "Since, una oga sons, horse, fine towns and weapon, dey with una,
wen dis leta rish una hand, 3 make una pick one from una oga pikin wey
fit fight kon make am king, so dat una go fit fight for una oga shidren."

4 Dem fear well-well kon sey, "Si! If two kings nor fit stop yu! How wi
won take stop yu?"

5 So di pesin wey dey look di palis, di leader for di town, di eldas and
di guards kon send dis message go meet Jehu sey, "Wi bi yor savants! Wi
go do anytin wey yu tok. Wi nor go fit crown anybody. Make yu just do
wetin yu know sey dey good."

6 Jehu rite anoda leta go give dem sey, "If una really dey my side and
una ready to obey mi, den tumoro, make una karry una oga sons head
kon meet mi for Jezrel."

King Ahab born seventy sons and na doz wey dem respet well-well for
di town, dey kare for di sons. 7 Wen dem receive di leta, dem katch di king
sons kon kill all of dem. Dem put dia heads for basket kon send am go
meet Jehu for Jezrel. 8 Di messenja kon tell Jehu, "Dem don bring di king
sons head kom."

Jehu ansa, "Make yu hang dem put for two stik for di town gate till
tumoro morning."

9 For morning, Jehu go stand near di head dem. Den e kon tell all di
pipol, "I gri sey una nor do anytin, bikos na mi set trap for my oga di king
kon kill-am. But na who kill all dis men? 10 So dis show sey evritin wey
God tok about Ahab and en family, must happen. God don do wetin E tok

thru en savant, Elijah." 11 Den Jehu kill di odas for Ahab family wey dey Jezrel, plus all en ofisas, klose friends and priests. E nor leave any one.

12 Jehu leave der kon go Samaria. As e dey travel pass Bet-Eked (where doz wey dey guide sheep dey kamp put), 13 Jehu meet some pipol wey rilate to King Ahazaya for Judah. Jehu kon ask dem, "Who una bi?"

Dem ansa, "Wi bi King Ahazaya family membas. Wi dey go Jezrel go greet Kween Jezebel and di odas for di palis."

14 Jehu kon sey, "Make una katch dem kom!" So dem katch dem and Jehu kill all of dem for Bet-Eked pit, (na forty-two dem bi).

15 Wen e komot from der, e meet Jehonadab, Rekab pikin wey dey find am since. Jehu greet am kon ask, "Yu get respet for mi, just as I get for yu?"

Jehonadab ansa, "Yes, I dey respet yu!" Jehu kon sey, "If na so, den shake mi." So Jehonadab stresh en hand and Jehu kon karry am enter en horse. 16 Jehu kon tell am, "Follow mi, so dat yu go si how I dey sirious about God work." So Jehu karry Jehonadab follow body.

17 E go Samaria kon kill all Ahab family wey remain, just as God don tok thru Elijah.

### *Jehu Kill All Di Juju Profets*

18 Jehu gada all di pipol kon tell dem, "King Ahab woship juju small; but Jehu go woship juju well-well. 19 So make una koll all di juju profets sey make dem kom meet mi, plus all dia savants and priests. All of dem must present, bikos I won offa betta sakrifice give di juju. Anybody among dem wey nor gri kom, I go kill-am." But Jehu dey deceive dem, so dat e go fit kill all of dem wey dey serve juju.

20 Den Jehu orda sey, "Make una go arrange big feast for Baal juju." So dem kon announce am. 21 Jehu invite all di pipol wey dey serve juju for Israel and all of dem kom di party. Pipol full di juju temple from front go rish back. 22 Jehu orda di pesin wey dey keep di garments, "Make yu give garment to all dis pipol." So, e bring garment kom for dem.

23 Den Jehu and Rekab pikin, Jehonadab kon go di juju temple. Jehu tell di pipol, "Make una make sure sey nobody wey dey serve God dey here with una; bikos na only doz wey dey serve juju must dey here." 24 Dem kon go inside, so dat dem go offa sakrifice kon burn ofrin. By dis time, Jehu don pozishon eighty men for outside and e warn dem sey, "If any of dis men wey dey inside eskape, una go pay with una life!"

25 Wen e don offa di sakrifice finish, Jehu kon tell di guards for di palis, "Make una enter inside di temple go kill all of dem and make no one eskape!" Di guards and ofisas kill all of dem for der kon trow dia body for outside, den dem waka enter inside di main room for di juju temple.
26 Dem bring di pila for di juju temple kom outside kon burn dem. 27 Dem break di juju image and en house and na der pipol dey shit put kon rish today.

28 So Jehu stop juju woship for Israel.

### *Jehu Die*

29 But Jehu kon dey sin like Jeroboam, Nebat pikin, wey make Israel sin as dem dey woship di juju wey dey Bethel and Dan.

30 God kon tell Jehu, "Evritin wey I won make yu do to Ahab family, yu
don do am. So I promise yu sey yor shidren-shidren go bi king for Israel
from naw go rish di fourt generashon." 31 But Jehu nor obey di Oga, Israel
God with en whole heart; instead e kon dey sin like Jeroboam wey make
Israel sin.
32 For dat time, God kon dey reduce di land wey Israel pipol get. King
Hazael for Siria kollect Israel pipol land 33 from Jordan River east go rish
di sout towns for Aroer for River Arnon, plus Ramot and Bashan for where
Gad tribe, Reuben tribe and East Manasseh tribe dey stay.
34 Evry oda tin wey Jehu do, plus all en mighty-mighty works, dem rite
dem put for Israel kings history book.
35 King Jehu die and dem beri am for Samaria and en son Jehoahaz kon
take-ova as king. 36 Jehu rule from Samaria as king for Israel for twenty-
eight years.

# 11

*Atalaya Rule Judah*

1 Wen Atalaya, Ahazaya mama si sey en pikin don die, e kon kill evribody
for di king family. 2 So King Joram dota, Jehosheba, wey bi Ahazaya sista,
eskape with Ahazaya pikin, so dem nor kill-am with di oda king shidren.
Jehosheba keep di boy with en nurse for one room where dem dey keep
tins inside di temple, so dat Atalaya nor go fit si and kill-am. 3 Di boy dey
inside God temple for six years, wen Atalaya dey rule.
4 Den for di sevent year, Jehoiada wey bi di priest kon send message
sey make dem koll di sojas and di guards oga kom meet am for di temple,
where e for make kovenant and swear with dem. Den e show dem di king
pikin 5 kon kommand dem sey, "Dis na wetin una go do. Una wey dey kom
work for Sabat Day, make una divide unasef into three group. One part go
dey protet di king palis, 6 anoda part go dey for di Sur Gate and di last part
go dey di gate wey dey di guards back. Una go choose as una go take dey
kom guide di palis. 7 Di remainin two part wey nor dey work for Sabat
Day, go dey protet God Temple. 8 Una must always dey guide di king with
una bow, arrow and spear. And make una kill anybody wey waka anyhow
kom di aria where di king dey. Wen ever di king dey do anytin, una must
dey with am."
9 So di sojas oga kon do evritin, just as Jehoiada kommand dem. E bring
all en men kom, both doz wey dey work for Sabat Day and doz wey nor
dey work. 10 Jehoiada kon give di sojas oga, King David spear and shield
wey dey God Temple. 11 Di guide hold dia swod, bow, arrow and spear
as dem dey guide di temple where di king dey; dem dey guide evriwhere
from rite to left and from di altar go rish di temple.
12 Jehoiada bring di king pikin kom out kon crown and gi-am God laws.
Den dem make am king, anoint am kon klap dey sey, "God save di king!"
13 Wen Atalaya hear di royal guide dey shaut, e kon go meet di pipol
for God Temple. 14 Den Atalaya look well kon si di king stand near di pila
akordin to dia tradishon. Doz wey dey kommand and blow trumpet stand
near di king and all di pipol for di land dey happy kon dey blow trumpet.
Atalaya tear en klot kon sey, "Dis na plan work! Una really plan dis one
o-o!"

15 Den Jehoiada kon tell di sojas, “Make una karry Atalaya go meet di
guards for outside. Make una kill anybody wey won stop una.” Di priest
give dis orda, so dat dem nor go kill Atalaya inside di Temple. 16 Dem hold
and drag Atalaya pass where horse dey for di king palis kon kill-am for
der.
17 Den Jehoiada with di king and di pipol kon make kovenant sey, na
only God dem go always dey serve. 18 Di pipol kon go skata dia juju, di
juju house dem and en altar. Dem kill Mattan wey bi di juju priest for di
altar front.
Jehoiada kon put guards for di Temple. 19 So, en, di sojas oga, di guards
oga and di pipol kon take di king from di Temple go di palis thru di royal
bodyguard gate, den di king kon sidan for di throne. 20 Evribody for di
land bigin happy, bikos peace kon dey di land afta dem kill Atalaya for di
royal palis.

### *Jehoash Rule Judah*

21 Jehoash na seven years wen e stay to rule.

## 12

1 For di sevent year wen Jehu dey rule, Jehoash kon bi king; e rule
Judah for forty years from Jerusalem. En mama na Zibaya wey kom from
Beersheba. 2 Thru-out di time wey Jehoash dey rule, e do as God kommand,
just as Priest Jehoiada tish am. 3 But e nor skata di juju place dem; so di
pipol still dey go offa sakrifice and burn incense for der.
4 Jehoash tell di priests, “All di silva wey dey God Temple, di ones wey
dem kollect wen dem dey kount di pipol, all di silva wey dem kollect as
vow and di ones wey pipol just drop on dia own, make una use dem ripair
di Temple. 5 Make una kollect di money from doz wey dey keep am kon
ripair anywhere wey spoil for di Temple.”
6 For di twenty-three years wen Jehoash don bi king, di priests neva still
ripair where spoil for di Temple. 7 So King Jehoash koll Jehoiada with oda
priests kon sey, “Wetin make una neva ripair where spoil for di Temple?
Naw, make una nor take any money again escept una won use am ripair
di Temple.” 8 Di priests dem gri sey dem nor go kollect money from di
pipol, so dat nobody go akuiz dem sey dem nor ripair di Temple.
9 But Jehoiada take one box kon kut hole put for en top and put am for
di rite side for di altar where dem dey pass enter God house. Den di priest
wey dey di temple gate, go pak and put all di money inside di box. 10 Wen
dem si sey di box don full, di royal seketry and di High Priest go kount
and keep di money. 11 Den dem give di money to di pesin wey dey ripair
di Temple. Dem hire karpenters and builders wey go work for di Temple,
12 plus brick-laya and doz wey dey kut stone. Dem bring wood and chisel
wey dem go take ripair di part wey spoil for di Temple kon pay for evry
oda tin.
13 Di money wey dem bring kom God Temple, dem nor use am for silva
bowl, wetin dem take dey burn incense, basins, trumpets or anytin wey
bi gold or silva. 14 Dem give di money to di workers wey go ripair God
Temple. 15 Di pesin wey dey pay di workers, dem nor ask am how e take
dey spend di money, bikos dem trust and bilive am. 16 (Di money wey dem
kollect, plus di ripair and sin ofrins, dem nor bring dem kom God Temple,
bikos na di priests own.)

17 For dat time, King Hazael for Siria kon attack and seize Gat. Hazael
still attack Jerusalem. 18 King Jehoash for Judah kollect all di holy tins wey
en grand-grand papa Jehoshafat, Jehoram and King Ahazaya keep for di Temple for Judah, plus di holy tins wey en ensef keep and all di gold wey dey for God Temple and di king palis kon send dem go give King Hazael for Siria, so dat e nor go kom attack Jerusalem again.

19 Di remainin tins wey Jehoash do, plus all wetin e get, dem rite dem for
Judah kings history book. 20 En ofisas plan kon kill-am for Bet-Millo for di
road wey face Silla. 21 Di pipol wey kill-am na Jozaka, wey Shimeat born
and Jehozabad wey bi Shoma pikin. Dem beri am with en grand-grand papa dem for David Town. En pikin, Amazaya kon take-ova as king.

# 13

*Jehoahaz Rule Israel*

1 For di twenty three year wen King Joash, Ahazaya pikin dey rule Judah, Jehoahaz wey bi Jehu pikin kon bi king for Israel. E rule from Samaria for
seventeen years. 2 E nor obey God. E dey wiked like Nebat pikin, Jeroboam
wey make Israel pipol sin. 3 God vex for Israel pipol kon make dem serve
King Hazael for Siria and en son Ben-Hadad, for many years.

4 Jehoahaz kon tell God make E forgi-am and God ansa en prayer, bikos
E si sey King Hazael really dey sofa Israel pipol. 5 God diliver Israel pipol
and dem kon dey free from Siria king. So Israel pipol kon dey live for
peace. 6 But just like Jeroboam family, dem nor gri turn from sin kon meet
God. Dem even make Asherah juju for Samaria.

7 King Jehoahaz nor get any sojas, escept fifty men wey fit use horse, ten shariot and 10,000 sojas for groun. Siria king don kill and mash all en men like san-san.

8 Di remainin tins wey Jehoahaz do, plus all wetin e get, dem rite dem
for Israel kings history book. 9 Jehoahaz die and dem beri am for Samaria.
En pikin Jehoash kon take-ova as king.

*Jehoash Rule Israel*

10 For di thirty-seven year wey King Joash dey rule Judah, Jehoahaz pikin,
Jehoash kon bi king for Israel. E rule from Samaria for sixteen years. 11 E
nor obey God kommand. E bad like Nebat pikin, Jeroboam wey make Israel pipol sin.

12 Di remainin tins wey Jehoash do, plus all wetin e get, dem rite am
for Israel kings history book. 13 Jehoash die and Jeroboam kon take-ova as
king. Dem beri am with di kings for Samaria.

*Elisha Profesai Again*

14 Wen Elisha dey sick di sickness wey finally kill-am, Jehoash wey bi Israel king go visit am kon dey kry for en front sey, "My papa! My papa! Di shariot and soja for Israel!"

15 Elisha tell am, "Make yu go take bow and arrow." So e take bow and
arrow. 16 Den Elisha tell Israel king, "Target with di bow." Di king kon
do am. Den Elisha put en hand on-top di king hand 17 kon sey, "Make yu
open di window face east." So di king do as di profet tell am. Elisha kon sey, "Make yu shot!" So di king kon shot. Elisha tell am again, "Dis arrow

mean di viktory wey God won give yu ova Siria king and en pipol. Yu go distroy Siria for Afek!"
18 Den Elisha sey, "Take di arrow!" So di king take am. E tell di king,
"Nak di groun with am!" Di king nak di groun three times kon stop. 19 Di
profet vex kon tell di king, "If to sey yu nak di groun rish five or six times, yu for distroy Siria finish! But naw, na only three times yu go win Siria."
20 So Elisha die and dem kon beri am. But as anoda year dey start, Moab
pipol kon attack di land. 21 One day, some men dey beri pesin wen dem si some pipol dey kom attack dem. So dem kon trow di dead body inside Elisha grave. As di dead body tosh Elisha bone, di man wey don die kon wake-up.
22 So, thru-out di time wen Jehoahaz dey rule Israel, King Hazael for Siria
dey opress dem. 23 But God look Israel pipol kon sorry for dem. God help dem, bikos of di promise wey E make with Abraham, Isaak and Jakob. Till today, E nor like to distroy or remove dem from en present.
24 Wen King Hazael for Siria die, en pikin Ben-Hadad kon take-ova as
king. 25 Jehoash wey bi Jehoahaz pikin kon kollect all di land wey Ben-Hadad papa, Hazael, don take from en papa hand for war. Jehoash win three times kon kollect all di land and towns wey bi Israel pipol own.

# 14

*Amazaya Rule Judah*

1 For di sekond year wen Jehoahaz pikin, King Joash dey rule Israel,
Joash pikin, Amazaya kon bi king for Judah. 2 E bi twenty-nine years wen
e start to rule from Jerusalem. Na Jehoaddin wey kom from Jerusalem bi
en mama. 3 E do wetin God kommand, but nor bi as en grand-grand papa
David do. E follow en papa Joash, ezample. 4 But e nor distroy di place
where di pipol for still dey offa sakrifice and burn ofrin give juju.
5 Afta e don bi king, e kill di savant wey kill en papa. 6 But e nor kill di
savant shidren. E obey God kommand, just as dem rite for Moses Law sey, "Make una nor kill papa, bikos of wetin dia pikin do and make una nor kill pikin, bikos of wetin dia papa do. If una must kill anybody, make e bi for en own sin."
7 E win 10,000 Edom sojas for Salt Valley, katch Sela for war kon gi-am
anoda name wey bi "Jokteel" and na dis name dem dey koll am kon rish today.
8 Dem send Amazaya go meet King Jehoash wey bi Jehoahaz pikin and
Jehu grand-pikin for Israel sey, "Make yu kom make wi si face-to-face."
9 King Jehoash ansa King Amazaya, "Lebanon bush send message to di
cedar for Lebanon sey, 'Make yu give yor dota to my son as en wife.' Den
one wiked animal for Lebanon kon skata di bush. 10 Yu distroy Edom pipol
and e don dey make yor head big! Yu dey happy bikos yu win, but make yu stay for yor palis. Wetin make yu dey kause wahala for yorsef? Wetin make yu won distroy yorsef and Judah?"
11 But King Amazaya nor gri listin to am, so King Jehoash for Israel
kon attack am. King Jehoash and Amazaya kon meet one-on-one for Bet-
Shemesh wey dey Judah. 12 Israel pipol win Judah pipol and all of dem run
go back to dia house. 13 Na Bet-Shemesh, Israel king, Jehoash for katch
King Amazaya wey bi Jehoash pikin and Ahazaya grand-pikin. E attack

Jerusalem kon break di wall from Efraim go rish di korna gate wey long
rish six hundred fit. 14 All di gold, silva, di tins for God temple, di palis
and evry oda tins wey dem seize from war, e kon karry dem go back to
Samaria.
15 Di remainin tins wey Jehoash do, plus all wetin e get and en viktory
ova King Amazaya for Judah, dem rite am for Israel kings history book.
16 Jehoash die and Jeroboam kon take-ova as king. Dem beri am with Israel
kings for Samaria.
17 Joash pikin, King Amazaya for Judah, stay for anoda fifteen years
afta, Jehoahaz pikin, King Jehoash for Israel don die. 18 Di rest tins wey
Amazaya do, dem rite am for Judah kings history book.
19 Dem plan against am for Jerusalem, so e run go Lakish. But dem send
some men go find and kill-am for der. 20 Dem karry en dead body put for
horse kon beri am for Jerusalem with en grand-grand papa dem for David
Town.
21 So Judah pipol take Zabud, Amazaya pikin wey bi sixteen years kon
crown am as dia king. 22 Afta di king don die, Zabud kon ribuild Elat for
Judah.

### *Jeroboam Di Sekond, Rule Israel*

23 For di Fifteent year wen Joash pikin, King Amazaya dey rule Judah,
Joash pikin, Jeroboam kon bi king for Israel and e rule from Samaria for
forty-one years. 24 E nor gri obey God kommand; instead e kontinue to
dey do bad tins like Nebat pikin, Jeroboam wey make Israel pipol sin. 25 E
bring Israel borda kom back from Lebo-Hamat for nort go rish Arabah
wotaside for sout, just as di Oga, Israel God tok thru Profet Jonah wey en
papa bi Amittai, wey bi profet for Gat-Hefa.
26 God si as Israel pipol dey sofa; di sofa strong well-well, bikos nobody
dey to help dem, weda slave or free man. 27 Bikos God nor won skata
Israel pipol kom from di eart, E kon save dem thru Joash pikin, Jeroboam.
28 Di remainin tins wey Jeroboam do, plus all wetin e get and en viktory
wey make Israel take-ova Damaskus and Hamat, dem rite all for Israel
kings history book. 29 Jeroboam die and en pikin Zekaraya kon take-ova
as king. Dem beri am with Israel kings for Samaria.

## 15

### *Zabud Rule Judah*

1 For twenty-seven years wen Jeroboam dey rule Israel, Amazaya pikin,
Zabud kon bi king for Judah. 2 E bi sixteen years wen e start to rule and
e rule from Jerusalem for fifty-two years. En mama na Jekolaya wey kom
from Jerusalem. 3 E do evritin wey God kommand am, just as en papa
Amazaya obey God too. 4 But e nor skata di juju place, so dem still dey go
offa sakrifice and burn incense for der.
5 God kon make di king sick. Di king get diziz for en skin until di day
wey e die. Only en kon dey stay for one house, while en pikin Jotam dey
kare, handle di palis and rule di pipol.
6 Di remainin tins wey Zabud do, plus all wetin e get, dem rite am for
Judah kings history book. 7 Zabud die and dem beri am with en grand-
grand papa dem for David Town. En pikin Jotam kon take-ova as king.

*Zekaraya Rule Israel Pipol*

8 For thirty-eight years wen King Zabud dey rule Judah, Jeroboam pikin,
Zekaraya kon bi king for Israel. E rule from Samaria for six mont. 9 E nor
gri obey God, just as en grand-grand papa dem do. E kontinue to do bad
tins like Nebat pikin, Jeroboam wey make Israel pipol sin.
10 Jabesh pikin, Shallum kon plan and kill-am for Ibleam, den take-ova
as king. 11 Di remainin tins wey Zekaraya do, dem rite am for Israel kings
history book. 12 Di way wey dem take kill-am kon make wetin God tok
happen wen E tell Jehu sey, "Na four generashon for yor shidren go rule
Israel." And dat na wetin happen.
13 For thirty-nine years wey Uzzaya bi king for Judah, Jabesh pikin,
Shallum kon bi king for Israel. E rule from Samaria for one mont. 14 Gadi
pikin, Menahem kon from Tirzah go attack King Shallum for Samaria. E
kill-am kon take-ova as king.
15 Di remainin tins wey Shallum do, plus all en plans, dem rite dem put
for Israel kings history book.
16 For dat time, Menahem from Tirzah attack Tifsah. E kill evribody wey
dey di town and doz wey dey stay near di town, bikos dem nor gri surenda.
Even wimen wey get belle for der, e kut dia belle open.

*Menahem Rule Israel Pipol*

17 For thirty-nine years wey Zabud bi king for Judah, Gadi pikin,
Menahem kon bi king for Israel. E rule from Samaria for twelf years. 18 E
nor gri obey God; e kontinue to dey do bad tins like Nebat pikin, Jeroboam
wey make Israel pipol sin. Wen e dey rule, 19 Assyria king, Pul kon attack
di land and Menahem kon gi-am 1,000 silva, so dat di king go support and
help am kontrol di kingdom. 20 Menahem kollect di silva from di rish pipol
wey dey Israel. E take fifty-fifty silva from all of dem kon gi-am to Assyria
king. Den Assyria king komot dia land and e nor kom back again.
21 Di remainin tins wey Menahem do, plus all wetin e get, dem rite am
put for Israel kings history book. 22 Menahem die and en pikin, Pekahaya
kon take-ova as king.

*Pekahaya Rule Israel Pipol*

23 For fifty years wen King Zabud dey rule for Judah, Menahem pikin,
Pekahaya kon bi king for Israel. E rule from Samaria for two years. 24 E
nor gri obey God kommand; e kontinue to do like Nebat pikin, Jeroboam
wey make Israel pipol sin. 25 En offisa Pekah wey bi Remalaya pikin plan
against am. En and fifty men from Gilead kon kill King Pekahaya, Argob
and Arieh for Samaria. Dem kill dem for di place wey dem dey guide pass
for di palis. Pekah kon take-ova as king.
26 Di remainin tins wey Pekahaya do, plus all wetin e get, dem rite am
for Israel kings history book.

*Pekah Rule Israel Pipol*

27 For fifty-two years wey King Zabud dey rule Judah, Remalaya pikin,
Pekah kon bi king for Israel. 28 E nor gri obey God; e kontinue to dey do
bad tins like Nebat pikin, Jeroboam wey make Israel pipol sin.
29 Wen Pekah dey rule Israel, King Tiglat-Pileser for Assyria kon attack
and katch Ijon, Abel-Bet Maaka, Janoah, Kedesh, Hazor, Gilead and Galilee,
plus all di aria for Naftali, den e karry di pipol go Assyria. 30 For twenty

years wey Uzzaya pikin, Jotam don dey rule for Judah, Elah pikin, Hoshea
kon plan and kill King Pekah wey Remalaya born, den e take-ova as king.
31 Di remainin tins wey Pekah do, plus all wetin e get, dem rite am put
for Israel kings history book.

### *Jotam Rule Judah Pipol*

32 For di sekond year wey Remalaya pikin, King Pekah dey rule Israel,
Uzzaya pikin, Jotam kon bi king for Judah. 33 E bi twenty-five years wen
e start to rule and e rule from Jerusalem for sixteen years. En mama na
Jerusha wey bi Zadok pikin. 34 Just like en papa Uzzaya, en too do as God
kommand am. 35 But e nor skata di juju place, so di pipol still dey go der
go offa sakrifice and burn incense. E build di Uppa Gate for God Temple.
36 Di remainin tins wey Jotam do, plus all wetin e get, dem rite dem put
for Judah kings history book. 37 For dat time, God kon make King Rezin
for Siria and Remalaya pikin, Pekah attack Judah. 38 Jotam die and dem
beri am with en grand-grand papa dem for David Town. En pikin Ahaz
kon take-ova as king.

## 16

### *Ahaz Rule Judah Pipol*

1 For seventeen years wey Remalaya pikin, Pekah dey rule, Jotam pikin,
Ahaz kon bi king for Judah. 2 Ahaz na twenty years wen e stay to rule and
e rule from Jerusalem for sixteen years. E nor gri obey God, just as en
grand-grand papa David obey. 3 E dey do like odas wey rule Israel before
am. E even burn en pikin as ofrin and dis na one bad sin wey di kountries
wey God porshu komot for der, dey do. 4 Di king dey offa sakrifice and
burn incense for juju altar, on-top hills and under evry green tree.
5 For dat time, King Rezin for Siria and Remalaya pikin, King Pekah for
Israel kon attack Jerusalem. Dem fight King Ahaz, but dem nor fit konker
am. 6 (Dat time King Rezin for Siria still attack Elat; e drive Judah pipol
komot from der. Siria pipol kon go Elat and na dem dey stay der till today.)
7 King Ahaz send message go give King Tiglat-Pileser for Assyria sey, “I
bi yor savant and I trust yu well-well. Abeg, make yu kom save mi from
Siria and Israel king, bikos dem dey attack mi.” 8 Den King Ahaz take silva
and gold wey dey God Temple and di palis go give Assyria king. 9 Assyria
king ansa King Ahaz well; e attack and konker Damaskus. E karry di pipol
go Kir kon kill King Rezin.
10 Wen King Ahaz go Damaskus go meet King Tiglat-Pileser for Assyria,
e kon si dia juju altar wey dey der. Den King Ahaz draw as di altar bi
for paper kon send am go give Uriaya wey bi di priest. 11 Uriaya build
one altar akordin to wetin dey di paper wey di king send kon gi-am from
Damaskus.
12 Wen di king si di altar afta e don kom back from Damaskus, e kon
go offa sakrifice for der. 13 E offa burnt sakrifice and korn ofrin. E pour
en drink ofrin kon sprinkol blood for di altar as peace ofrin. 14 E take di
bronze altar wey dey God present from di temple front (between di altar
and God Temple) kon put am for di nort side for di new altar.
15 King Ahaz orda Uriaya kon tell am, “Make yu offa di morning sakrifice
for di big altar, plus di evening ofrin, di royal burnt sakrifice, di food ofrin,

di burnt sakrifice for Israel pipol, dia food sakrifice and evry oda sakrifice.
Na only mi go dey use dis bronze altar." 16 So Uriaya do as King Ahaz
kommand am.
17 King Ahaz kut di stand komot kon remove di basin from dem. E take
"Di Sea" from di bull wey dem make with bronze and wey dey support
am kon put am for groun. 18 Di roof wey dem build for di temple and for
di door-mot where di king dey pass enter inside for Sabat Day, e remove
am too. E take dem komot, bikos e wont make Assyria king, happy.
19 Di remainin tins wey Ahaz do, plus all wetin e get, dem rite am put for
Judah kings history book. 20 King Ahaz kon die and dem beri am with en
grand-grand papa dem for David Town. En pikin Hezekaya kon take-ova
as king.

# 17

*Hoshea Rule Israel*

1 For twelf years wen King Ahaz dey rule Judah, Elah pikin, Hoshea kon
bi king for Israel. E rule from Samaria for nine years. 2 E nor gri obey
God, but en own nor bad rish di tins wey di oda kings wey dey before am,
do.
3 King Shalmanesa for Assyria treaten am; so Hoshea kon bi en savant
and e dey pay tax to am. 4 Assyria king find out sey King Hoshea dey plan
against am, bikos e don send message go meet King So for Egypt and e nor
gri pay tax to Assyria king again. So Assyria king kon arrest and put am
for prison. 5 Assyria king and en sojas mash go attack Samaria kon seize
am for three years. 6 For nine years wen Hoshea dey rule, Assyria king
katch Samaria kon karry Israel pipol go Assyria. E keep dem for Halah
near Habor (Gozan river) and for Medes town.

*Israel Sin*

7 Dis tin happen, bikos Israel pipol sin against di Oga dia God; di Pesin
wey save dem from Egypt pipol and King Fero hand. Dem dey woship
oda gods; 8 di kountries wey God porshu bikos of Israel pipol, dem dey
follow dem serve dia juju kon dey do all di bad-bad tins wey Israel kings
do before. 9 Israel pipol do some bad tins and di Oga dia God nor like am.
Dem build juju house for all dia towns; from di towa wey di men from
dey wosh go rish di town wey dem guide well-well. 10 Dem build image
and Asherah juju for evry high place and under evry green tree. 11 Just
as di kountries wey God porshu dey do, na so too Israel pipol dey burn
incense for all dia juju altar. Di bad tins wey dem dey do kon make God
vex well-well. 12 Even as God kommand dem rish, dem still dey woship
dia yeye juju. 13 God really warn Israel and Judah pipol thru all en profets
and doz wey dey si wetin go happen sey, "Make una turn from sin kon
obey my kommand and laws wey dem rite for una. Na mi sey make una
grand-grand papa dem keep dis law and I dey send my savants kon remind
una about am."
14 But una nor gri listin, instead una dey show strong head like dia grand-
grand papa wey nor trust di Oga dia God. 15 Dem rijet en rules; di kovenant
wey E make with dia grand-grand papa and di laws wey E sey make dem
obey. Dem dey respet juju wey nor mean anytin and like dis, dem nor
mean anytin to God again. Dem dey bihave like di kountries wey dey
around kon make God dey shame for dem.

16 Dem nor gri follow di Oga dia God kommand, instead dem make two
juju iron and one Asherah juju kon dey bow down to stars for sky and dey
woship Baal juju. 17 Dem offa dia shidren as sakrifice and dey do majik
and oda bad-bad tins. Dem decide to dey do bad tins for God present and
na dis make God dey vex.
18 So, bikos God dey vex for Israel pipol, E kon rijet dem; but Judah tribe
still dey obey am. 19 Leta, Judah pipol nor gri obey wetin di Oga dia God
tok; dem kon dey do like Israel pipol. 20 So God rijet all Jakob shidren-
shidren; E disgrace and give dem to tif, until E komot all of dem from en
present.
21 E remove Israel pipol from David generashon and Nebat pikin,
Jeroboam kon bi dia king. Jeroboam drive Israel pipol komot from God
present kon enkourage dem to sin well-well. 22 Israel pipol kon dey sin
like Jeroboam, Nebat pikin and dem nor gri turn kom meet God. 23 So God
rijet Israel pipol, just as E don bin warn dem thru all en savant, di profets.
Dem karry Israel pipol from dia land go Assyria and dem dey der till naw.

### *Assyria Pipol For Samaria*

24 Instead of Israel pipol, Assyria king kon pak strenjas from Babilon,
Kutah, Avva, Hamat and Sefarvaim go stay for Samaria towns. 25 Wen
dem first rish der, dem nor gri woship God. So God kon send lion go meet
and kill some of dem. 26 Dem kon tell Assyria king wetin happen sey, "Di
pipol wey yu bring kom dis town, nor know wetin God wont for di town,
so E don send lion kom kill dem. Di lion dey kill pipol, bikos dem nor
know wetin God wont for di land."
27 So Assyria king ansa, "Make una go bring one among di priest wey wi
take from der kom. E go stay der kon tish us wetin God wont for di land."
28 So di priest wey dem bin karry komot Samaria kon go back go stay for
Bethel. E tish dem how to woship God.
29 But each tribe make dia own gods kon put dem for shrine for di high
place wey Samaria pipol make. Each tribe do like dis for di town wey dem
dey. 30 Di pipol wey kom from Babilon make Sukkot-Benot; while di ones
wey kom from Kut, make Nergal and doz wey kom from Hamat, make
Ashima; 31 di ones wey kom form Avva, make Nibhaz and Tartak; while
doz wey kom form Sefarvaim dey burn dia sons for fire as sakrifice to
Adrammelek and Anammelek wey bi Sefarvaim gods. 32 Bikos dem dey
fear God well-well, dem kon pick some from dia own pipol wey go work
as priest for di shrine wey dey di high place dem. 33 For di same time, dem
dey woship God and serve dia gods, just as dem dey do from where dem
from kom.
34 Till today, dem still dey woship dia gods. Dem stop to woship God
or obey en rules, kommand and laws wey E give Jakob shidren-shidren.
35 God enter agriment with Israel pipol sey, "Una must nor woship anoda
god. Make una nor bow, serve or offa sakrifice to dem. 36 Instead una
must woship mi wey bring una kom out from Egypt with my great pawa.
Una go bow and offa sakrifice to only mi. 37 Una must always dey obey my
rules, laws and di kommandment wey I rite for una. Una must nor woship
anoda god. 38 Una must nor forget di agriment wey I make with una and
make una nor woship anoda god. 39 Make una woship di Oga wey bi una
God; den E go save una from all una enemies."

[40] But dem nor listin; instead dem do as dem dey do before. [41] Even
doh dis pipol dey woship God, dem still dey serve juju. So till today, dia
shidren and shidren-shidren dey bihave like dem.

# 18

*Hezekaya Rule Judah*

[1] For di third year wen King Hoshea, Elah pikin dey rule for Israel, Ahaz
pikin, Hezekaya kon bi king for Judah. [2] E bi twenty-five years wen e start
to rule and e rule from Jerusalem for twenty-nine years. En mama name
na Abi wey bi Zekaraya pikin. [3] E obey God, just like en grand-grand papa
David. [4] E distroy di high place dem with dia juju, shrine and Asherah
juju. E still distroy di bronze snake wey Moses make, bikos till dat time,
Israel pipol still dey offa sakrifice gi-am. Dem dey koll am, "Nehushtan."
[5] E trust di Oga wey bi Israel God; so e nor get any king like am wey don
rule Judah before or wey go rule Judah again. [6] E dey loyal to God and
e always dey follow en kommand. E obey all di kommandment wey God
give Moses. [7] God dey with am, so evritin wey e dey do, dey prosper. E
fight against Assyria pipol and e nor fear dem. [8] E win Filistia pipol for
Gaza and di aria wey dey near der; rite from dia gate go rish di towns wey
dem guide well-well for der.
[9] For di fourt year wen King Hezekaya dey rule (dat na seven years
wey Elah pikin, King Hoshea don dey rule for Israel), King Shalmanesa
for Assyria go fight Samaria kon surround di town. [10] Afta three years, e
kon seize Samaria (dat na di six years wey Hezekaya don dey rule) and na
nine years wey King Hoshea don dey rule for Israel. [11] Assyria king kon
karry Israel pipol go Assyria. E keep dem for Halah near Habor (Gozan
river) for Medes town. [12] Dis tin happen, bikos Israel pipol sin against di
Oga wey bi dia God kon break di agriment wey dem make. Dem nor gri
listin or obey evritin wey God kommand dem thru Moses, en savant.

*Sennakerib Attack Judah*

[13] For fourteen years wen King Hezekaya dey rule, King Sennakerib for
Assyria attack all di towns wey dem guide well-well for Judah kon seize
dem. [14] King Hezekaya for Judah send message go meet Assyria king for
Lakish sey, "I know sey I don go against awa agriment. If yu leave us,
anytin wey yu sey make wi do, I go do am." So Assyria king kon ask
for three hundred silva and thirty golds from King Hezekaya. [15] King
Hezekaya gi-am all di silva wey dey God Temple and for di palis.
[16] For dat time, King Hezekaya for Judah, komot all di iron wey dem take
make God Temple door kon give dem to Assyria king.
[17] Assyria king send en sojas oga, di kourt oga and di adviser with many
sojas from Lakish go meet King Hezekaya for Jerusalem. Wen dem rish
der, dem kon go stand near di wota wey dey for di road wey dem dey pass
go di field where dem for dey wosh and dry klot. [18] Dem sey make dem
go koll di king kom, so Hilkaya pikin, Eliakim wey dey guide di palis, with
Shebna wey dey rite wetin dey happen for di palis and Joah pikin Asaf
wey bi di palis seketry kon go meet dem.
[19] Di shief adviser kon tell dem, "Make una tell Hezekaya sey:
'Di great king for Assyria sey: Wetin dey give yu strong mind? [20] To
dey boast sey yu don plan well to fight mi, nor mean anytin. Na who

dey give yu mind sey yu fit fight mi? 21 Si, yu really dey bilive sey Egypt
pipol go kom help yu? Egypt wey bi like shuku-shuku; if pesin won rest
put, e go wound di pesin hand. Dat na wetin King Fero for Egypt dey do
to evribody wey dey trust am. 22 May bi yu go tell mi sey, "Wi dey trust
di Oga awa God." But na Hezekaya skata en high place, distroy en altars
kon tell Judah and Jerusalem pipol sey, "Una must dey woship for only
dis altar for Jerusalem."

23 So, make yu follow my oga di king for Assyria enter agriment and
e go give yu 2,000 horse as long as yu go fit find men wey go ride dem.
24 True-true, yu nor go sey no to even di smallest ofisas wey my masta
get, bikos yu bilive sey Egypt pipol go kom help yu. 25 I wont make yu
know sey na as God kommand, I go take mash kon distroy dis place,
bikos God sey, "Make yu mash go distroy dis land." ' "

26 Eliakim pikin Hilkaya, Shebna and Joah kon ansa di adviser sey, "Make
yu use Aramaik language take tok to yor savant, bikos wi undastand am.
Nor tok to us with Hibru bikos of di pipol."

27 But di shief adviser ansa, "My masta nor send mi sey make I kon tok
dis message to only una and una oga. Dis message na for di pipol too wey
sidan for di wall, bikos dem go chop dia own shit kon drink dia piss."

28 Di shief adviser kon from der shaut with Hibru language, "Make una
listin to di message wey di great king for Assyria sey make I tell una. 29 Dis
na wetin di king tok: Make una nor let Hezekaya deceive una, bikos e nor
go fit save una from my hand! 30 Make una nor let Hezekaya tell una sey,
'Make una trust God, bikos E go save us; so Assyria king nor go fit do us
anytin.'

31 "Make una nor listin to Hezekaya! Bikos Assyria king sey, 'Make una
rite leta kom sey una go respet am and do anytin wey e tok. Den each
of una fit chop from di vine and fig kon drink wota from well, 32 until e
go kom take una go one land wey bi like una own. Land wey food and
wine full, where bread and vineyard dey; betta land wey get olive tree
and honey. Den una go live and e nor go kill una.'

"So make una nor listin to Hezekaya, bikos e dey deceive una wen e
sey, 'God go save us.' 33 E get any god for di oda kountry wey don save
en pipol from Assyria king pawa? 34 Where di gods wey dey Hamat and
Arpad? Where di gods wey dey Sefarvaim, Hena and Ivvah? True-true,
una tink sey any god fit save Samaria from my pawa? 35 Among all di gods
for di land, na wish one don fit save en pipol and land from my pawa? So
how God won kon take save Jerusalem and en pipol from my hand?"

36 Di pipol kwayet and dem nor tok, bikos di king don tell dem sey, "Make
nobody ansa."

37 Eliakim pikin Hilkaya, Shebna and Asaf pikin Joah kon tear dia klot
go meet and tell Hezekaya wetin di shief adviser tok.

# 19

1 Wen King Hezekaya hear wetin dem tok, en too tear en klot kon wear
sak go God Temple. 2 E send Eliakim, Shebna and di priest oga with di
sak klot wey dem wear sey make dem go meet Profet Isaya, Amos pikin,
sey: 3 "Dis na wetin Hezekaya tok: 'Today na bad day, bikos na curse and
trobol full am. E just bi like wen woman wey get belle won born, but e
nor get pawa to push di pikin out. 4 May bi di Oga yor God go hear all di

tins wey di shief adviser sey Assyria king sey make e tok against God wey
dey alive. Wen di Oga yor God hear, may bi E go ponish Assyria king for
all di tins wey e tok. So make yu pray to God for awa pipol wey remain.'
"

5 Wen Isaya hear King Hezekaya message, 6 e kon sey, "Make una go tell
di king sey: 'God sey make yu nor let Assyria king treaten yu sey, en wey
bi God nor go fit save yu. 7 God go put one kind spirit for inside am wey
go make am hear rumor, den e go-go back to en own kountry, den God go
kill-am for der.' "

8 Wen di shief adviser hear sey Assyria king don komot from Lakish go
fight for Libnah; e kon go der go meet am.

9 Di king hear sey, King Tirhakah for Ethiopia dey mash kon fight am.
E kon still send message go meet Hezekaya sey: 10 "Make una tell King
Hezekaya for Judah sey: 'Make yu nor let di God wey yu trust fail yu wen
E sey, "Assyria king nor go fit seize Jerusalem." 11 True-true yu don hear
wetin Assyria king do to di oda lands. Yu tink sey God go save yu? 12 Where
di kountries wey my grand-grand papa dem distroy. Where Gozan, Haran,
Rezef and di pipol for Eden for Telassar? Dia gods save dem? 13 Where di
kings for Hamat, Arpad, Lair, Sefarvaim, Hena and Ivvah?' "

14 Hezekaya take di leta from di messenja kon read am, den e go God
Temple kon spread am on-top di altar. 15 Hezekaya pray to God kon sey:
"Oga wey bi Israel God, na Yu bi king among di creatures wey get feadas!
Na only Yu bi God ova all di kingdoms for dis eart. Na Yu make di sky and
di eart. 16 My God, make Yu listin well-well! Make Yu open yor eye si tins
for yorsef! Listin to di message wey Sennakerib send kom and as e curse
Yu wey dey alive!

17 "My God, na true sey, Assyria king don distroy all di kountries and dia
lands. 18 Dem don burn di gods for di oda kountries, bikos dem nor really
bi god, bikos na human being make dem with dia hand from wood and
stone. Dat na why Assyria king fit distroy dem. 19 Naw, my Oga God, make
Yu save us with yor pawa, so dat all di kingdoms for dis eart go know sey
na Yu bi Oga and di only God wey nor dey die."

20 Amos pikin, Profet Isaya kon send message go meet King Hezekaya sey,
"Dis na wetin di Oga wey bi Israel God dey tok: 'I don hear yor prayers
about King Sennakerib for Assyria. 21 And dis na wetin I tok about am:

" ' "Zion dota wey neva sleep with anybody before,
dey curse and laf yu;
Jerusalem dota
dey shake head follow yu.
22 Na who yu dey trobol and curse like dis?
Na who yu dey shaut for and look with bad eye?
Na di Holy One for Israel?
23 Yu send yor messenja make e kon boast for mi sey,
yu use yor shariot and men take
konker di highest mountin for Lebanon.
Yu dey boast sey yu don kut di tall cedars
and all di betta trees.
And di part wey deep pass for di forest,
yu boast sey yu don rish der.
24 Yu dey boast sey yu dig well kon drink wota from strenjas land

and yor sojas use dia leg take dry River Nile for Egypt.
25 Dem nor tell yu sey
na mi plan all dis tins before dem happen?
I don do as I plan dem.
Na mi give yu pawa to turn towns wey dem guide well-well,
to where dem dey trowey dirty put.
26 Di pipol wey dey for doz land nor get pawa
and fear won kill dem trowey.
Dem bi like grass wey dey field
or plant wey dey grow on-top roof,
but wen strong sun kom out,
dem go die.
27 But I know evritin about yu;
both di tins wey yu dey do
and di place where yu dey go.
I know how yu dey plan against mi.
28 I don hear evritin about yor plan for mi
and yor pride.
From naw go, I go put hook for yor nose
kon klose yor mout,
den take yu go back thru di same road wey yu take kom.” ’ ”
29 Den Isaya kon tell King Hezekaya, “Dis na sign of wetin go happen.
“ ‘For dis year and next year,
yu go chop only food wey just grow on en own,
but as from di oda year,
yu fit chop from di tins wey yu plant.
30 Doz wey remain for Judah go prosper like plant wey en rut enter groun
kon dey produce betta fruit.
31 For Mount Zion and Jerusalem,
pipol go dey save,
bikos God sey dis tins must happen.’
32 “So dis na wetin God tok about Assyria king:
“ ‘E nor go enter di town
or shot one arrow against am.
No soja go kom near di wall
and nobody go build kamp near di town.
33 Assyria king go-go back as e take kom.
E nor go enter dis town at-all.
Mi, wey bi God, don tok.
34 Bikos of my own honor
and di promise wey I make to my savant David,
I go defend and protet dis town.’ ”
35 For dat nite, God send en angel go kill 185,000 sojas for Assyria kamp.
Wen day break, all of dem don die. 36 So King Sennakerib for Assyria run
komot from di kamp. E go en house kon stay for Nineveh.
37 One day as e dey woship en god for Nisrok temple, en sons,
Adrammelek and Shareza kon kill-am with dia swod, den dem run go
Ararat land. Sennakerib pikin, Esarhaddon kon take-ova as king.

# 20

### *Hezekaya Sickness*

1 For dat time, King Hezekaya kon dey sick and e nearly die. Amos pikin,
Profet Isaya go si am kon sey, "God sey make yu arrange evritin as dem
suppose dey, bikos yu nor go well again. Make yu ready to die."
2 So Hezekaya turn face wall kon pray sey: 3 "My Oga God, make Yu
remember sey I don serve Yu with all my mind and I dey always try to do
evritin wey Yu wont make I do." Den e start to kry well-well.
4 Isaya waka leave di king, but before e pass di kourtyard centre for di
palis, God kon tell am, 5 "Make yu go back go meet Hezekaya, wey dey rule
my pipol kon tell am sey, 'Mi God wey bi yor grand-grand papa David God
don hear yor prayer and si as yu dey kry. I go heal yu and afta three days
yu go-go back to di temple. 6 I go let yu leave for anoda fifteen years. I
go save yu and dis town, Jerusalem from Assyria king hand. Bikos of my
honor and di promise wey I make with my savant David, I go defend dis
town.' "
7 Den Isaya sey, "Make una skwiz some fig for mi." So dem do as e orda
dem and e put am for di king sore make en body for well.
8 King Hezekaya tell Isaya, "Wetin I go take know sey God go heal mi, so
dat I go-go en Temple by dis time next tumoro?"
9 Isaya ansa, "Dis na di sign from God to show sey E go do wetin E tok.
Yu go wont make di shadow for wall move go front ten times, abi make e
go back ten times?"
10 Hezekaya ansa, "E dey eazy for di shadow to move go front, but e nor
eazy to go back ten times."
11 So, Profet Isaya pray to God and God make di shadow go back ten
times for Ahaz wall.

### *Messenja From Babilon*

12 For dat time, Baladan pikin, King Merodak-Baladan for Babilon send
leta and gift go give King Hezekaya, bikos e hear sey Hezekaya dey sick.
13 King Hezekaya welkom di pipol wey dem send kom kon show dem
evritin wey dey en palis, di silva, gold, spices and di betta olive oil, plus
all di war tins and fine propaty. E nor get anytin for di palis and di whole
kingdom wey King Hezekaya nor show dem.
14 Den Profet Isaya visit King Hezekaya kon ask, "Wetin dis men si?
Where dem from kom?"
Hezekaya ansa, "Dem kom from Babilon."
15 Profet Isaya ask, "Na wetin dem don si for yor palis?"
Hezekaya ansa, "Dem don si evritin for my palis. I show dem evritin
wey wi get."
16 Isaya kon tell King Hezekaya sey, "Make yu listin to God word, 17 'Si,
evritin for yor palis, plus all di tins wey yor grand-grand papa dem don
gada rish today, dem go pak all of dem one day karry go Babilon; nor-tin
go remain.' God still sey, 18 'Dem go karry some of yor own shidren go
Babilon go bi priest for di king palis.' "
19 Hezekaya kon tell Isaya, "God word wey yu tok so, dey korrect." Den
e sey, "At least dis tins nor go happen for my own time."
20 Di remainin tins wey Hezekaya do, plus all wetin e get and how e
build pool where wota go from dey kom di town, dem rite am put for
Judah kings history book. 21 Hezekaya kon die and en pikin Manasseh kon
take-ova as king.

# 21

*Manasseh Rule Judah*

1 Manasseh na twelf years wen e start to rule and e rule from Jerusalem
for fifty-five years. En mama name na Hepzibah. 2 E nor gri obey God and
e kon dey sin like di oda kountries wey God drive komot der. 3 E ribuild di
high place dem wey en papa Hezekaya bin distroy; e build altars for Baal
juju kon make Asherah juju, just as King Ahab do for Israel. E dey bow
and woship stars for sky. 4 E build juju altar for God Temple, even wen
God don sey, "Jerusalem na my house." 5 For di two kourtyard wey dey
God Temple, e build altar for all di stars wey dey di sky. 6 E dey sakrifice
en sons and dey do majik. E dig one pit where dem for dey koll dead body
spirit kom out kon choose majik men make dem dey look am. Di bad-bad
tins wey e do many well-well for God eye, so God kon dey vex.

7 E put Asherah juju wey e make for di temple, di place where God don
tell David and en pikin, Solomon sey, "Dis temple for Jerusalem wey I don
choose from all di tribes for Israel, go bi where I go stay forever. 8 I nor go
porshu Israel pipol from dis land wey I don give to dia grand-grand papa,
as long as dem obey all di kommand and laws wey I give dem thru Moses,
my savant." 9 But dem nor gri obey and Manasseh make all of dem bigin
sin pass di kountries wey God distroy bikos of Israel pipol.

10 So God kon tok thru en savant di profet sey: 11 "King Manasseh for
Judah don sin well-well, E don sin pass Amor pipol wey dey here before
and e don enkourage Judah pipol to sin as dem dey serve all dis yeye juju.
12 So dis na wetin di Oga wey bi Israel God dey tok, 'I go kause wahala
for Jerusalem and Judah pipol. And e go shok anybody wey go hear wetin
happen. 13 As I take distroy Samaria and Ahab generashon, na so too I go
distroy Jerusalem. I go make sure sey nor-tin dey for Jerusalem again and
e go bi like plate wey dem wosh klean. 14 Di tribe wey remain among my
pipol, I go forget dem kon give dem to dia enemies wey go beat and tif dia
propaty, 15 bikos dem don sin against mi kon make mi dey vex since wen
dia grand-grand papa komot from Egypt kon rish naw!' "

16 Manasseh still kill many innocent pipol and dia blood don stain
Jerusalem from one end go rish di oda end. E even still dey enkourage
Judah pipol to sin against God.

17 Di remainin tins wey Manasseh do, plus all wetin e get and di sins wey
e kommit, dem rite dem put for Judah kings history book. 18 Manasseh die
and dem beri am for Uzza gardin wey dey en palis and en pikin, Amon
kon take-ova as king.

*Amon Rule Judah*

19 Amon na twenty-two years wen e start to rule and e rule from
Jerusalem for two years. En mama name na Meshullemet and na Haruz
wey kom from Jotbah, born di woman. 20 E nor gri obey God kommand,
but e sin like en papa Manasseh. 21 E dey do like en papa, bikos en too dey
woship and bow to yeye gods and juju wey en papa woship.

22 E nor gri follow en grand-grand papa dem Oga wey bi God or listin
to en kommand. 23 Amon savants kon plan and kill-am for en palis. 24 Di
pipol for di land kon kill all doz wey plan kill King Amon, den dem kon
make en pikin Josaya, king for Judah.

25 Di remainin tins wey Amon do, plus all wetin e get, dem rite am put
for Judah kings history book. 26 Dem beri am for en own grave for Uzza
gardin and en pikin Josaya kon take-ova as king.

# 22

### *Josaya Rule Judah Well*

1 Josaya na eight years wen e start to rule and e rule from Jerusalem for
thirty-one years. En mama name na Jedidah wey bi Adaya wey kom from
Bozgat, pikin. 2 E do wetin God kommand kon dey work like David, en
grand-grand papa. E nor do bad tins at-all.

3 For eighteen years wen King Josaya dey rule, di kourt seketry Shafan
wey bi Azalaya pikin and Meshullam grand-pikin, go God Temple kon sey:
4 "Make yu go meet Hilkaya, di High Priest sey make e kount di money
wey God pipol bring kom give di guards for di temple. 5 Tell dem make
dem give and pay di men wey dey ripair God Temple, 6 with doz wey dey
build and do oda tins. Make dem still buy wood and chisel stone wey dem
go use take ripair am. 7 Nor sey make di men kon tell yu as dem take use
di money, bikos dem use am well."

8 Hilkaya wey bi di High Priest kon tell Shafan di kourt seketry sey, "I
don si di Law Book for God Temple." Hilkaya give di book to Shafan and
e read am. 9 Shafan go meet di king kon tell am, "Yor savant don gada di
money for di temple kon give di men wey won ripair di Temple." 10 E still
tell di king, "Priest Hilkaya give mi one book." Den Shafan read di book
for di king.

11 Wen di king hear di laws wey dey di book, e kon tear en klot. 12 Di king
kon orda Priest Hilkaya, Shafan pikin Ahikam, Mikaya pikin Akbor, Shafan
wey bi di kourt seketry and Asaya wey bi di king savant sey, 13 "Make una
go meet and ask God for mi and Judah pipol. Make una find out wetin di
words for di book mean. God don dey vex for us, bikos awa grand-grand
papa nor gri obey wetin dey dis book at-all."

14 So Priest Hilkaya, Ahikam, Akbor, Shafan and Asaya kon go meet
Profetes Hulda wey bi Shullam wife. Shullam papa na Tikvah and na
Harhas wey dey kare for di wardrobe bi en grand-papa. (Di woman dey
stay for Mishneh aria for Jerusalem.)

Dem go meet am kon tell am wetin make dem kom, 15 so di woman sey:
"Make yu tell di man wey send yu kom meet mi sey, 'God sey: 16 "I won
kause wahala for dis place and for doz wey dey stay here. Wetin I go do,
dey for di book wey Judah king don read. 17 Dis tins go happen, bikos
dem don forget mi kon dey offa sakrifice give oda gods and dem dey make
mi vex, bikos of di juju wey dem make with dia hand. Una go feel my
vexnashon for dis place and una nor go fit stop am." ' 18 Make una tell
Judah king wey send una kom ask from God sey: 'Dis na wetin di Oga wey
bi Israel God dey tok about di word wey yu hear: 19 "Yu show sey yu dey
sorry for di bad tins wey una do kon respet God wen yu hear how I won
use dis place and di pipol wey dey stay here, as strong ezample for pipol
wey dem curse." ' God sey, 'Yu tear yor klot kon kry for my present and
I don hear yu. 20 So I go let yu die first and dem go beri yu well.' "

So, dem kon go tell di king evritin wey di profetes tok.

# 23

### *Josaya Distroy Di Juju For Israel*

1 King Josaya gada all di leaders for Judah and Jerusalem togeda 2 kon
go God Temple and all di pipol for Judah, doz for Jerusalem, di priests
and di profets kon follow am. All di pipol dey der, both small pikin, yong
men and old pipol. E read di kovenant wey dey di book wey dem si for di
temple. 3 Di king stand near di pila kon promise to obey di kovenant wey
dem make with God before. E promise to use en whole heart take obey
God law, evry oda tin wey God tok and to do evritin wey dey di book. All
di pipol agri to obey di kovenant too.

4 Di king kon orda Hilkaya wey bi di High Priest, di priest wey follow
am and di guards sey, evritin wey dem take dey woship Baal and Asherah
juju and all di stars wey dey God Temple, make dem bring am kom out. Di
king burn dem outside Jerusalem for Kidron Valley kon karry dia ashes go
Bethel. 5 E kill all di priest wey nor know God wey Judah kings bin choose
sey na dem go dey offa sakrifice for di high place for di towns for Judah
and di arias around Jerusalem. (Dem dey offa sakrifice to Baal, di sun and
moon; to di planets and all di stars for di sky.) 6 E remove Asherah juju
pole from God Temple kon burn am outside Jerusalem for Kidron Valley.
E burn am to ashes kon trow am put for where dem for dey beri pipol.
7 Di men ashawo house wey dey di temple and di place where wimen for
dey weave for Asherah juju, e distroy dem.

8 E bring all di priests from Judah kon skata di high place where dem
for dey offa sakrifice from Gibeah go rish Beersheba. E skata di high place
dem for di goat juju wey dey di door-mot for Joshua gate wey bi di main
town wey dey di left side. 9 (For dis time, di priests for di high place dem
nor go God altar for Jerusalem go serve am, but dem follow di oda priests
chop from di bread wey nor get yist).

10 Di king skata Tofet for Ben-Hinnom Valley, so dat nobody go fit
sakrifice en pikin for Molek juju again. 11 All di horse image wey di kings
for Judah put for di temple gate to take woship di sun, di king skata all of
dem. (Dem keep dem near Natan Melek; di lawyer room wey dey near di
kourtyard.) Di king burn all di shariot wey dem take dey woship di sun.

12 Di altars wey Judah kings build for Ahaz room for up, plus di one wey
Manasseh build for di two kourtyard for God Temple, di king burn all of
dem kon trow dia ashes for Kidron Valley. 13 Di king skata all di high place
for Jerusalem east and Distroshon Mountin for sout, wey King Solomon
build for Sidon pipol juju, Astarte and Kemosh di ashawo juju for Moab
pipol, plus Ammon pipol juju wey bi Milkom. 14 E skata dia juju pila finish
kon kut Asherah juju pole rish groun, den e pak human being bones full
di shrine.

15 E still skata di altar for Bethel and na Nebat pikin, Jeroboam wey make
Israel pipol sin, build am. Den e burn all di high place to ashes kon distroy
Asherah juju. 16 As King Josaya turn, e kon si di grave for di mountin, so e
sey make dem bring di bones kom out. E burn dem for di altar kon skata
di ashes. Dis tin happen, just as God tok thru en profet for di time wey
King Jeroboam stand for di altar, wen dem dey do one feast. King Josaya
turn kon si di grave of di profet wey tok dis tins.

17 E kon ask, “Wetin bi dis sign wey I dey si so?” Di men from di town
kon ansa, “Di profet wey kom from Bethel kon tok about dis tin wey yu
don do to Jeroboam grave and Bethel altar, na en grave bi dis.”
18 Di king kon sey, “Make una nor skata or tosh en grave! Make nobody
disturb am at-all.” So dem leave di profet grave, plus all di oda profets for
Israel wey dem beri for der.
19 King Josaya still distroy all di shrine for di high place for Samaria
town. Na Israel kings build dem and dem dey make God vex. As e take
distroy di altar for Bethel, na so too e distroy all dis ones. 20 All di priests
for di high place, e sakrifice dem for di altars wey dey der kon burn human
being bones for der. Den e go back to Jerusalem.
21 Di king kommand di pipol, “Make una dey obey di Oga una God
Passova, just as E dey dis kovenant book.” 22 E tok like dis bikos, dem
neva celebrate Passova afta di time wey judge rule di kountry. Since dat
time, no king for Israel or Judah don celebrate am. 23 But for eighteen years
wen King Josaya dey rule, dem kon celebrate God Passova for Jerusalem.
24 King Josaya still distroy all di pit from where dem for dey koll evil
spirit kom out. Di pipol wey dey do majik; dia juju for house; di yeye
image and all di juju wey dey for Judah and Jerusalem land, e distroy dem
too. Like dis, e kon do all di tins wey dem rite for di book wey Priest
Hilkaya si for di temple. 25 E nor get any king before or afta wey turn kom
meet God like King Josaya wey use en whole heart take serve God, just as
Moses Law tok.
26 Plus all dis ones, God still dey vex for Judah, bikos of all di wiked tins
wey Manasseh do. 27 God sey, “Just as I komot Israel from my eye, na so
too I go komot Judah pipol. I go rijet dis town wey I choose, both Jerusalem
and di temple wey I sey, ‘I go stay.’ ”
28 Di remainin tins wey Josaya do plus evritin wey e get, dem rite am
put for Judah kings history book.
29 Wen King Josaya still dey rule, Fero Neko wey bi Egypt king with en
men kon go River Eufrates go support Assyria king for war. King Josaya
and en men go fight dem, but wen King Neko si am for Megiddo, e kon
kill-am. 30 King Josaya savant karry en oga dead body from Megiddo on-
top horse go back to Jerusalem for where dem for beri am for en grave.
Di pipol for di land take Josaya pikin, Jehoahaz, pour olive oil for en head
kon make am king for Judah.

### *Jehoahaz Rule Judah*

31 Jehoahaz na twenty-three years wen e start to rule and e rule from
Jerusalem for three monts. En mama name na Hamutal wey bi Jeremaya
from Libnah, pikin. 32 E nor gri follow God kommand, just like en grand-
grand papa dem. 33 Fero Neko katch am put for prison for Riblah wey dey
Hamat land, so dat e nor go fit rule Jerusalem pipol. Neko sey make di pipol
for di land pay am 7,500 pound for silva and 75 pound for gold. 34 Fero
Neko make Josaya pikin Eliakim king kon shange en name to Jehoiakim.
E take Jehoahaz go Egypt where e for die. 35 Jehoiakim dey give Fero di
normal amount wey e sey make dem dey gi-am. But to make sure sey e
meet dis payment, e kon dey tax di pipol for di land. E dey kollect plenty
money from each pesin, so dat e go fit pay Fero Neko.

### *Jehoiakim Rule Judah*

36 Jehoiakim na twenty-five years wen e start to rule and e rule from
Jerusalem for eleven years. En mama na Zebidah wey bi Pedaaya from
Rumah pikin. 37 E nor gri obey God, just like en grand-grand papa dem.

# 24

1 Wen Jehoiakim dey rule, King Nebukadnezzar for Babilon kon attack
dem. Jehoiakim obey King Nebukadnezzar for three years, den e kon won
fight against am. 2 God kon send Babilon, Siria, Moab and Ammon sojas
against am; God send dem go distroy Judah, as E bin warn dem thru en
profets. 3 Just as God don tok before, E rijet Judah and en pipol, bikos of
all di sins wey Manasseh kommit. 4 Manasseh kill pipol wey nor do anytin
and dia blood don stain Jerusalem, so God nor gri forgive dem.
5 Di remainin tins wey Jehoiakim do plus evritin wey e get, dem rite
am put for Judah kings history book. 6 E die and en pikin, Jehoiashin kon
take-ova as king.
7 Egypt king with en men nor komot from dia land again go fight, bikos
Babilon king don konker evriwhere wey Egypt king bin get before from
Egypt wotaside go rish Eufrates River.

### *Jehoiashin Rule Judah*

8 Jehoiashin na eighteen year wen e start to rule and e rule from
Jerusalem for three monts. En mama na Nehushta and na Elnatan wey
kom from Jerusalem, born am. 9 E nor gri obey God, just like en grand-
grand papa dem.
10 For dat time, di offisa oga for King Nebukadnezzar for Babilon kon
go fight and seize Jerusalem. 11 King Nebukadnezzar for Babilon kom di
town wey en offisa seize. 12 King Jehoiashin for Judah with en mama, en
savants, ofisas and all en kourt workers and priests kon surenda to King
Nebukadnezzar.
For eight years wen King Nebukadnezzar dey rule for Babilon, e kon put
Jehoiashin for prison. 13 All di good and betta tins wey dey di royal palis
and di temple, King Nebukadnezzar pak all of dem. All di gold tins wey
King Solomon for Israel make put for God Temple, King Nebukadnezzar
remove all of dem, just as God tok. 14 King Nebukadnezzar karry evribody
komot from Jerusalem, plus di ofisas and sojas (all di pipol, na 10,000).
Plus all di men wey get skill and doz wey dey work with iron. E nor leave
anybody esept di poor pipol wey dey di land.
15 E karry King Jehoiashin from Jerusalem go Babilon, with di king
mama, en wifes, priests and all di top ofisas for di land. 16 King
Nebukadnezzar karry all di sojas 7,000, plus 1,000 men wey dey work. All
doz wey get heart and sabi fight dey join dem too. 17 King Nebukadnezzar
kon make Jehoiashin papa broda, Matanaya king for Jehoiashin place. E
shange Matanaya name to Zedekaya.

### *Zedekaya Rule Judah*

18 Zedekaya na twenty-one years wen e start to rule and e rule from
Jerusalem for eleven years. En mama name na Hamutal and na Jeremaya
wey kom form Libnah, born am. 19 E nor gri obey God, just as Jehoiakim
bin do. 20 So bikos God dey vex, di time kon even rish wen God nor won
si Jerusalem and Judah pipol for en present again.
Leta, King Zedekaya won kon fight against King Nebukadnezzar.

# 25

*Dem Distroy Jerusalem*

1 For di tent day for di tent mont for di ninet year wey Zedekaya dey rule,
King Nebukadnezzar for Babilon go fight Jerusalem. E build kamp round
di town. 2 En and en men dey der for two years and dat na di elevent year
wen King Zedekaya dey rule. 3 For di ninet day for di fourt mont for di
same year wen honga for di town don strong well-well and all dia food
don finish, 4 di enemies break enter di town and all Israel sojas kon dey
find where dem go run go. Dem run komot from di town for nite. Dem
pass di gate wey dey di two wall for di king gardin, bikos Babilon men dey
evriwhere for di town. So dem kon run dey go Jordan River Valley. 5 But
Babilon sojas porshu di king, katch am for Jeriko field and all en sojas run
leave am. 6 Dem katch di king kon karry am go meet King Nebukadnezzar
for Riblah, where e for judge en matter. 7 Dem kill all Zedekaya sons for
Zedekaya present. So Babilon king sey make dem pul Zedekaya eyes komot
kon shain am with bronze shain, den karry am go Babilon.

*King Nebukadnezzar Distroy Jerusalem Finish*

8 For di sevent day for di fift mont and di nineteent year wey King
Nebukadnezzar dey rule, Nebuzaradan, wey bi Babilon sojas oga kon
enter Jerusalem. 9 E burn God Temple, di royal palis and all di house
for Jerusalem. 10 Babilon sojas wey kom with di soja oga kon distroy all di
wall for Jerusalem. 11 Nebuzaradan karry all di remainin pipol wey dey
di town and doz for wildaness wey run from King Nebukadnezzar, plus
evry oda pesin go Babilon. 12 But e leave di poor pipol for di land kon give
dem field where dem go plant food.

13 Babilon sojas break di two bronze pila wey dey God Temple, plus di
stand wey dem dey move and di big bronze basin wey dem dey koll "Di
Sea." Dem karry di bronze dem go Babilon. 14 Dem still karry di pots,
shovels, trimmin shear, pans and all di tins wey dem make with bronze
wey di priest dey use. 15 Di sojas oga take all di gold and silva tins with di
basins and di tin wey dem dey use burn incense.

16 Di bronze tins wey King Solomon make for God Temple, plus di two
pila, di big bronze basin wey dem dey koll "Di Sea," di twelf bronze bull
under "Di Sea" and di stand wey dem dey move, dey too heavy to karry.
17 Each of di pilas high rish twenty-seven fit. Di bronze top for one pila
high rish four and half fit and dem dekorate di bronze with pomegranate
fruit. Na so too dem dekorate di sekond pila.

18 Nebuzaradan katch Priest Seraya, Zefanaya di sekond priest and di
three pipol wey dey guide di gate, den e karry dem go as prisonas. 19 From
di town, e still take one among di sojas offisa, five pipol from di king adviser
wey dem si for di town, one seketry among di sojas wey dey train pipol as
sojas and sixty pipol from di land wey dem seize. 20 Nebuzaradan karry
dem go meet King Nebukadnezzar for Riblah. 21 King Nebukadnezzar sey
make dem kill all of dem for Riblah wey dey near Hamat. Na so dem take
karry Judah pipol komot from dia land.

*Govnor Gedalaya*

22 Naw, King Nebukadnezzar for Babilon kon make Gedalaya wey bi
Ahikam pikin and Shafan grand-pikin, govnor ova Judah pipol wey dey en

land. 23 All di offisa for Judah sojas and dia men hear sey Babilon king don
make Gedalaya govnor for Judah. So dem kon go meet Gedalaya for Mizpa.
Di ofisas wey kom na, Netanaya pikin, Ishmael; Kareah pikin, Johanan;
Tanhumet pikin, Seraya and Maakat pikin, Jaazanaya. 24 Gedalaya kon
promise sey e go save dem and dia men. E sey, "Make una nor fear to
work with Babilon sojas. Make una stay for di land kon surenda to King
Nebukadnezzar, den evritin go dey well."

25 But for di sevent mont, Ishmael wey bi Netanaya pikin and Elishama
grand-pikin wey dey join di royal family, kom with ten of en men kon kill
Gedalaya, plus all di Judah and Babilon pipol wey dey with am for Mizpa.
26 Den all di pipol, from small go rish di ones wey old kon run komot di
town go Egypt, bikos dem dey fear wetin King Nebukadnezzar go do dem.

### *Jehoiashin For Babilon*

27 For thirty-seven years wen King Jehoiashin dey for Babilon, for di
twenty-sevent day for di twelft mont, for di first year wen King Evil-
Merodak dey rule Babilon, e sorry for King Jehoiashin kon release am
from prison. 28 E sorry and trit King Jehoiashin well kon gi-am house
wey betta pass where all di oda kings for Babilon dey stay. 29 E give King
Jehoiashin new klot and King Jehoiashin kon dey chop evriday for di king
tabol, 30 so King Evil-Merodak dey give Jehoiashin evritin wey e wont until
Jehoiashin die.

# First Kronikles

*Adam Shidren-shidren*

1 Na Adam born Seth, Seth born Enosh, Enosh born Kenan 2 and na
Kenan born Mahalalel. Na Mahalalel bi Jared papa. 3 Jared born Enoch,
Enoch born Metuselah, Metuselah kon born Lamek.
4 Lamek born Noah,
Noah born Shem, Shem born Ham and na Ham born Jafet.

*Jaflet Shidren-shidren*

5 Jafet shidren na:
Gomer, Magog, Madai, Javan, Tubal, Meshak and Tiras.
6 Gomer shidren na:
Ashkenaz, Difat and Togarmah.
7 Javan shidren na:
Elisha, Tarshish, Kittite and Rodan.

*Ham Shidren-shidren*

8 Ham shidren na:
Kush, Mizraim, Put and Kanaan.
9 Kush shidren na:
Seba, Havilah, Sabteka, Rama and Sabtah.
Rama shidren na:
Sheba and Dedan.
10 Na Kush born Nimrod
and Nimrod kon bi di first pesin wey strong well-well for di world.
11 Na Mizraim born
Lud, Anam, Lehab, Naftuh, 12 Patrus, Kasluh, Krete (wey Filistia pipol
from kom) and Kaftor pipol too.
13 Na Kanaan bi
Sidon and Het papa, but na Sidon bi en first pikin.
14 Na Kanaan still born Jebus, Amor, Girgash, 15 Hiv, Ark, Sin, 16 Arvad,
Zemar and Hamat pipol.

*Shem Shidren-shidren*

17 Shem shidren na:
Elam, Asshur, Arfaxad, Lud and Aram.
Aram shidren-shidren na:
Uz, Hul, Geta and Meshak.
18 Na Arfaxad born Shelah
and na Shelah bi Eber papa.
19 Eber born two pikin:
one name na Peleg (wey mean divide), bikos e born am for di time
wen God take divide and make pipol dey speak difren language for
di world. Di oda pikin name na Joktan.
20 Joktan shidren na
Almodad, Shelef, Hazar-Mavet, Jerah, 21 Hadoram, Uzal, Diklah,
22 Ebal, Abimael, Sheba, 23 Ofir, Havilah and Jobab pipol.
24 Na Shem and Abram family pipol bi dis:
Shem, Arfaxad, Shelah,
25 Eber, Peleg, Reu,

26 Serug, Nahor, Terah
27 and Abram wey God shange en name to Abraham.

*Abraham Family*

28 Abraham born two sons:
Isaak and Ishmael.
29 Dis na dia shidren-shidren:
Na Nebaiot bi Ishmael first pikin, before e kon born Kedar, Adbeel,
Mibsam, 30 Mishma, Dumah, Massa, Hadad, Tema, 31 Jetur, Nafish
and Kedemah. Na Ishmael shidren dem bi.

*Keturah shidren-shidren*

32 Keturah wey bi Abraham girl-friend, na-im born Zimran, Jokshan,
Medan, Midian, Ishbak and Shuah.
Na Jokshan born Sheba and Dedan.
33 Midian shidren na
Efah, Efer, Hanok, Abidan and Eldaah.
All dis pipol na Keturah sons.

*Isaak Shidren-shidren*

34 Na Abraham bi Isaak papa.
Isaak shidren na:
Esau and Jakob (wey God shange en name to Israel).

*Esau Shidren-shidren*

35 Esau shidren na:
Elifaz, Reuel, Jeush, Jalam and Korah.
36 Elifaz shidren na:
Teman, Omar, Zefi, Gatam, Kenaz,
but Timna still born Amalek for am.
37 Reuel shidren na:
Nahat, Zera, Shammah and Mizzah.

*Seir Shidren-shidren*

38 Seir shidren na:
Lotan, Shobal, Zibeon, Anah, Dishon, Ezer and Dishan.
39 Lotan shidren na:
Hori and Homam (and Timna, na Lotan sista).
40 Shobal shidren na:
Alvan, Manahat, Ebal, Shefi and Onam.
Zibeon shidren na:
Aiaya and Anah.
41 Anah son na
Dishon.
Na Dishon born
Hamran, Eshban, Itran and Keran.
42 Ezer shidren na:
Bilhan, Zaavan, Jaakan.
Na Dishan born
Uz and Aran.

*Edom Kings*

43 Na di kings wey rule Edom land before any king rule Israel pipol bi
dis.
Bela wey Beor born and e kom from Dinhabah.

44 Wen Bela die, Jobab wey bi Zera pikin wey kom from Bozrah kon take-ova as king.
45 Wen Jobad die, Husham wey kom from Teman land kon take-ova as king.
46 Wen Husham die, Hadad wey Bedad born kon take-ova as king and e rule from Avit town. E win Midian pipol for war for Moab.
47 Wen Hadad die, Samlah wey kom from Masrekah kon take-ova as king.
48 Wen Samlah die, Shaul wey kom from Rehobot near di river kon take-ova as king.
49 Wen Shaul die, Baal-Hanan wey Akbor born kon take-ova as king.
50 Wen Baal-Hanan die, Hadad wey kom from Pau kon take-ova as king.
En wife name na Mehetabel, wey bi Matred pikin and na Me-Zahab bi
Matred mama. 51 Hadad kon die.

Di shief for Edom tribe na:
Timna, Alvah, Jetet, 52 Oholibama, Elah, Pinon, 53 Kenaz, Teman and
Mibzar, 54 Magdiel and Iram. All dis na dis na Edom shiefs.

# 2

*Israel Shidren-shidren*

1 Israel sons na:
Reuben, Simeon, Levi, Judah, Issakar, Zebulun, 2 Dan, Josef, Benjamin,
Naftali Gad and Asher.

*Judah Shidren-shidren*

3 Judah sons na:
Er, Onan and Shelah. Na one Kanaan woman wey en name na Batshua, born dis three shidren for Judah. Er wey bi Judah first pikin kon
make God vex and God kill-am. 4 Tamar wey bi Judah pikin wife,
born Perez and Zera give Judah and all en sons kon bi five.

5 Perez sons na:
Hezron and Hamul.

6 Zera sons na:
Zimri, Etan, Heman, Kalkol and Dara.

7 Karmi sons na:
Akan wey bring wahala kom Israel wen e tif wetin dem dedikate give God.

8 Na Etan born Zabud.

9 Di sons wey dem born give Hezron na:
Jerahmeel, Ram and Kaleb.

*Ram shidren-shidren*

10 Na Ram bi
Amminadab papa and Amminadab born Nahshon wey bi shief for
Judah tribe. 11 Nahshon born Salma and na Salma born Boaz.
12 Boaz na Oded papa and na Obed born Jesse.

13 Eliab na Jesse first pikin, why Abinadab na di sekond born, follow by
Shimea, 14 before Netanel, Raddai, 15 Ozem and David. 16 Dia sistas na
Zeruaya and Abigail. Zeruaya three sons na: Abishai, Joab and Asahel.
17 Abigail born Amasa wey en papa kom from Ishmael tribe.

*Kaleb Shidren-shidren*

18 Kaleb wey bi Hezron pikin marry Azuba wey dem still dey koll Jeriot.
En sons na: Jesher, Shobab and Ardon. 19 Wen Azuba die, Kaleb kon marry
Efrat and e born Hur for am. 20 Na Hur bi Uri papa and na Uri born Bezalel.
21 Wen Hezron don rish sixty years, e kon marry Gilead sista wey Makir bi dia papa and e born Segub for am. 22 Na Segub bi Jair papa, wey get twenty three towns for Ramot land. 23 But Geshur and Aram win Jair, Kenat and sixty towns for der. All dis shidren na Makir wey bi Gilead papa grand-grand shidren.
24 Afta Hezron don die, Kaleb kon sleep with Efrat wey bi en papa wife and e born Ashhur wey bi Tekoa papa.

*Jerahmeel Shidren-shidren*

25 Jerahmeel wey bi Hezron first son, en shidren na:
Ram, Bunah, Oren, Ozem and Ahijah.
26 Jerahmeel get anoda wife wey dem dey koll Atarah and na en bi Onam mama.
27 Ram wey bi Jerahmeel first son, en shidren na:
Maaz, Jamin and Eker.
28 Onam sons na:
Shammai and Jada. Shammai sons na Nadab and Abishur.
29 Na Abihail bi Abishur wife and e born Ahban and Molid for am.
30 Nadab sons na:
Seled and Appaim. Seled nor born boy pikin before e die.
31 Appaim son na:
Ishi and Ishi born Sheshan, while Sheshan born Ahlai.
32 Jeda wey bi Shammai broda, en sons na:
Jeta and Jonatan. Jeter nor born boy pikin before e die.
33 Jonatan sons na:
Pelet and Zaza. Na Jerahmeel shidren-shidren dem bi.
34 Sheshan born only girls.
Sheshan get one Egypt pesin wey bi en savant and en name na Jarha.
35 Sheshan give en girl pikin to en savant as wife and e kon born Attai for am.
36 Na Attai bi Natan papa, while Natan kon bi Zabad papa.
37 Na Zabad bi Eflal papa, while Eflal born Obed.
38 Obed na Jehu papa and Jehu na Zabud papa.
39 Na Zabud bi Helez papa and Helez na Eleasah papa.
40 Eleasah born Sismai and na Sismai bi Shallum papa.
41 Jekamaya wey born Elishama, na Shallum bi en papa.

*Oda Kaleb Shidren-shidren*

42 Kaleb wey bi Jerahmeel broda, en sons na:
Mesha wey bi Zif papa and en sekond pikin na Maresha wey bi Hebron papa.
43 Hebron sons na:
Korah, Tappuah, Rekem and Shema. 44 Shema na Raham and Jorkeam
papa. Rekem na Shammai papa. 45 Shammai son na Maon wey bi Bet-Zur.
46 Kaleb girl-friend wey dem dey koll Efah kon born Haran, Moza and Gazez. Na Haran bi Gazez papa.
47 Jahdai sons na:
Regem, Jotam, Geshan, Pelet, Efah and Shaaf.

48 Kaleb girl-friend wey bi Maaka born Sheba and Tirhana. 49 Na Maaka
still born Shaaf wey bi Madmanna, Sheva, Makbena and Gibea papa.
Kaleb girl pikin na, Aksah. 50 All dis na Kaleb shidren-shidren.

Hur wey bi Efrat first pikin, na en sons bi dis:

Shobal wey bi Kiriat-Jearim papa; 51 Salma wey bi Betlehem papa, naim
still born Haref wey bi Bet-Gada papa.

52 Shobal wey bi Kiriat-Jearim papa, en sons na:

Haroeh and half of Manahat pipol. 53 Kiriat-Jearim family na: Itrite,
Put, Shumat and Mishra pipol. Pipol for Zorat and Eshtaol kom from dis group.

54 Salma sons na:

Betlehem, Netofat, Atrot Bet-Joab, half of Manahat and Zor pipol, 55 while
di skribe pipol wey dey stay for Jabez na: Tirat, Shimeat and Sukat.
Dis na Ken pipol wey kom from Hamat, wey bi Rekab papa.

# 3

### *David Shidren-shidren*

1 Dis na shidren wey dem born for David wen e dey Hebron:

Di first pikin na Amnon, en mama na Ahinoam wey kom from Jezrel:

di sekond one na Daniel, en mama name na Abigail, wey kom from Karmel.

2 Di third one na Absalom, en mama name na Maaka and na Talmai wey bi Geshur king, born am;

di next one na Adonijah and na Haggit bi en mama;

3 Shefataya na di fift one and en mama name na Abital;

Itream wey en mama name na Eglah, na-im bi di sixt one.

4 Dis na di six shidren wey dem born give David for Hebron where e for rule for seven years and six monts.

E rule Jerusalem for thirty-three years:

5 Shimea, Shobab, Natan and Solomon na di sons wey dem born give
David for Jerusalem and na Batsheba wey bi Ammiel pikin, bi dia
mama. 6 David oda nine shidren na: Ibhar, Elishua, Elifelet, 7 Nogah,
Nefeg, Jafia, 8 Elishama, Eliada and Elifelet. 9 Na David sons bi dis,
dem nor kount di sons wey en girl-friends born for am. Tamar na dia sista.

### *Solomon Shidren-shidren*

10 Solomon born Rehoboam,
Rehoboam born Abijah,
Abijah born Asa
wey born Jehoshafat,
11 Jehoshafat born Joram,
Joram born Ahazaya
and Ahazaya born Joash.
12 Joash born Amazaya
wey born Zabud;
Zabud born Jotam
and Jotam kon born Ahaz.
13 Ahaz born Hezekaya;
na Hezekaya born Manasseh
and na Manasseh bi Amnon papa.

14 Amon na Josaya papa.
15 Josaya sons na:
Johanan, Jehoiakim, Zedekaya and Shallum.
16 Jehoiakim sons na:
Jehoiashin and Zedekaya.
17 Jehoiashin sons wey Babilon pipol karry go prison na:
Shealtiel, 18 Malkiram, Pedaaya, Shenazzar, Jekamaya, Hoshama and Nedabaya.
19 Pedaaya shidren-shidren na:
Zerubabel and Shimei.
Na Meshullam and Hananaya bi Zerubabel shidren and na Shelomit bi dia sista.
20 Zerubabel oda five shidren na:
Hashubah, Ohel, Berakaya, Hasadaya and Jushab-Hesed.
21 Hananaya shidren-shidren na:
Pelataya and Jeshaya. Jeshaya born Refaaya wey bi Arnan papa and na Arnan born Obadaya wey bi Shekanaya papa.
22 Shekanaya born only
Shemaya and Shemaya sons na:
Hattush, Igal, Baraya, Nearaya and Shafat. All of dem na six.
23 Nearaya three sons na:
Elioenai, Hezekaya and Azrikam.
24 Elioenai get seven sons and dem bi:
Hodevah, Eliashib, Pelaaya, Akkub, Johanan, Delaaya and Anani.

# 4

*Judah Shidren-shidren*

1 Judah shidren-shidren na:
Perez, Hezron, Karmi, Hur and Shobal.
2 Na Shobal bi Reaaya papa; Reaaya na Jahat papa; Jahat kon bi Ahumai and Lahad papa and na dem bi Zorah pipol grand-grand papa.
3 Etam sons na:
Jezrel, Ishma and Idbash. Dia sista name na Hazelelponi. 4 Na Penuel bi Gedor papa, while Ezer kon bi Hushah papa.
Hur wey bi Efrat first pikin and Betlehem pipol papa, na en shidren-shidren bi dis.
5 Ashhur wey bi Tekoa papa marry two wifes; Helah and Naarah.
6 Naarah born Ahuzzam, Hefa, Temeni and Haahashtari.
7 Helah sef born: Zeret, Zohar, Etnan 8 and Koz wey kon bi papa to Anub, Hazzobebah and Aharhel pipol wey Harum born.

9 E get one man wey dem dey respet well-well among en brodas and en
name na Jabez. En mama koll am Jabez (wey mean pain) bikos e sey, “I
sofa well-well wen I won born yu.” 10 Jabez kon pray, “Israel God, make
Yu bless mi and let my land big well-well. Make yor hand dey with mi kon save mi from trobol, so dat sofa nor go kill mi!” So God kon ansa en prayer.

11 Kelub wey bi Shuha broda, na-im bi Mehir papa and na Mehir born Eshton. 12 Na Eshton born Bet-Rafa, Paseah and Tehinnah wey bi Ir Nahash papa. All of dem na Rekah men.
13 Kenaz born Otniel and Seraya;
Otniel born Hatat and Meonotai.

14 Na Meonotai bi Ofrah papa and na Seraya born Joab.
Na dis Joab born doz pipol wey dey stay and karve wood for Ge-Harashim.
15 Kaleb wey Jefunneh born, en sons na:
Iru, Elah and Naam. Na Elah bi Kenaz papa.
16 Jehallelel sons na:
Zif, Zifah, Tiria and Asarel.
17 Ezra sons na:
Jeta, Mered, Efer and Jalon. Na Eshtemoa wey bi Mered wife born
Miriam, Shammai and Ishbah wey bi Eshtemoa papa. 18 Mered still
marry one woman wey kom from Judah tribe and dem born three sons: Jared wey build Gedor town: Heba wey build Soko town and Jekutiel wey build Zanoah town.
19 Hodaya marry Naham sista. Na one among di woman son bi papa to Keilah wey kom from Garm and Eshtemoa wey kom from Maakat.
20 Shimon four shidren na: Amnon, Rinnah, Ben-Hanan and Tilon. Ishi shidren-shidren na: Zohet and Ben Zohet.

### *Shelah Shidren-shidren*

21 Shelah na one among Judah sons and na-im born
Er wey Leka papa; Laada wey bi Maresha papa from Bet-Ashbea town
where dem for dey make linen; 22 Jokim and all di pipol wey dey stay
for Kozeba town. E still born Joash and Saraf wey rule for Moab and
Jashubi Lehem. (All dis names na from di old rekord book). 23 Na
dem bi di potta wey stay for Netaim and Gederah dey work for di king.

### *Simeon Shidren-shidren*

24 Simeon shidren-shidren na:
Nemuel, Jamin, Jarib, Zera and Shaul.
25 Shaul sons na: Shallum, Mibsam and Mishma.
26 Mishma sons na: Hammuel, Zakkur and Shimei.
27 Shimei get sixteen sons and six dotas. But en brodas nor born many
shidren, so dia family nor many rish Judah sons. 28 Simeon shidren-
shidren stay for Beersheba, Moladah, Hazar-Shual, 29 Bilhah, Ezem, Tolad,
30 Betuel, Hormah, Ziklag, 31 Bet-Marcabot, Hazar-Susim, Bet-Biri and
Shaaraim. Dis na dia towns till David kon bi king. 32 Dem still stay for
Etam, Ain, Rimmon, Token and five towns for Ashan. 33 Dem still stay for
all di small-small village wey dey near dis towns go rish Baal. Na where dem stay bi dat and dem rite and keep all dia family history.
34 Dia family leaders na: Meshobab, Jamlek, Joshah wey bi Amazaya
pikin, 35 Joel, Jehu wey bi Joshibaya pikin and na Seraya wey Asiel born
bi en grand-papa. 36 E still get Elioenai, Jaakobah, Jeshohaya, Asaya,
Adiel, Jesimiel, Benaya, 37 Ziza wey bi Shipi pikin. Na Allon wey Jedaya born, bi Shipi papa. Shimri born Jedaya and na Shemaya bi Shimri papa.
38 Na dis pipol bi di leaders for dia family. Dia family kon dey many
more-more. 39 Dem go where dem dey take enter Gedor kon even waka
rish di east side for di valley, dey find grass make dia animals chop. 40 Dem
si betta big land, where nobody go for disturb dem, den dem kon give dia sheep grass chop. Some pipol from Ham don dey stay der before dat time.

[41] Di men wey dem rite dia names before, kom for di time wey Hezekaya
bi king for Judah and dem attack and kill Ham and all Meun pipol wey
dem si for der, bikos dem si grass wey dia animals go chop. [42] Pelataya,
Nearaya, Refaaya and Uzziel wey bi Ishi pikin, na dem lead Simeon five
hundred men go di hill kountry for Seir, [43] where dem for kill Amalek pipol
wey run go stay der and dem dey stay der kon rish today.

# 5

### *Reuben Shidren-shidren*

[1] Reuben wey bi Jakob first pikin, na en shidren-shidren bi dis. But bikos
e sleep with en papa wife, di papa kon give en senior pozishon to Josef.
So for dia family history, dem nor rite Reuben as di first-born. [2] Bikos na
Judah strong pass, dem kon make am leader among en brodas, but na Josef
dem still take as first pikin. [3] Reuben wey bi Jakob first pikin, en four sons
na:

Hanok, Pallu, Hezron and Karmi.

[4] Joel shidren-shidren na:

Shemaya, Gog, Shimei,

[5] Mikah, Reaaya, Baal and

[6] Beerah wey bi leader for Reuben tribe wey Tilgat-Pilneser, Assyria king karry go anoda land.

[7] Dis na di names wey dem rite for di family:

Jeiel, Zekaraya [8] and Bela wey Azaz born and na Shema wey kom from
Joel tribe, bi en grand-papa. Dis tribe dey stay for Aroer go rish Nebo
and Baal-Meon. [9] Bikos dem get many animals for Gilead land, dem
kon spread face east for di wildaness side go rish Eufrates River.

[10] For di time wen Saul bi king, Reuben tribe attack and kill Hagrit pipol for war, den dem take dia land for di east side for Gilead.

### *Gad Shidren-shidren*

[11] Gad tribe stay from Bashan land near Reuben tribe land go rish Salekah wey dey di east.

[12] Na Joel dey lead dem, sekond to Shafam, before Janai and Shafat.

[13] Di oda seven membas akordin to dia family na:

Mikael, Meshullam, Sheba, Jorai, Jakan, Zia and Eber.

[14] And dia grand-grand papa dem na: Abihail wey Huri born, wey
Jaroah born, wey Gilead born, wey Mikael born, wey Jeshishai born,
wey Jahdo wey bi Buz pikin, born. [15] Na Guni pikin, Abdeil born Ahi
wey bi leader for dis family.

[16] Dem dey stay for Bashan and Gilead aria and all di good land wey dey Sharon.

[17] (Dem rite all dis tins wen King Jotam dey rule for Judah and King Jeroboam dey rule for Israel.)

### *Di Sojas For East*

[18] Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe get 44,760 sojas
and dem don train dis men well-well on how to dey guide, use swod and
shot arrow. [19] Dem go fight Hagrit, Jetur, Nafish and Nodab pipol. [20] Dem
ask and pray to God make E help dem and God ansa dia prayers kon make
dem win di war. [21] Dem katch 50,000 kamel; 250,000 sheep; 2,000 donkey
and 100,000 men as prisonas from dia enemies. [22] Dem kill many enemies,

bikos God fight for dem. So dem kon dey stay dat aria until dem karry dem go Babilon as slaves.

### *Half of Manasseh Tribe*

23 Di pipol wey dey half of Manasseh tribe kon stay from Bashan go rish Baal-Hermon, Senir and Mount Hermon and dem kon dey many well-well.
24 Di leaders for dia family na: Efer, Ishi, Eliel, Azriel, Jeremaya, Hodevah and Jahdiel. All of dem na strong sojas wey pipol know well-well for di
land. 25 Di God wey dia grand-grand papa woship, dem nor gri obey en
kommand, instead di nashons wey God porshu komot di land, Israel pipol
kon dey woship dia juju. 26 So God make King Pul for Assyria (wey dem
still dey koll Tilgat-Pilneser) attack dia kountry. E karry Reuben tribe, Gad tribe and half of Manasseh tribe go stay for Halah, Habor, Hara and Gozan River and na der dem dey till today.

# 6

### *Di High Priest Family*

1 Levi three shidren na:
Gershon, Kohat and Merari.
2 Kohat born four shidren:
Amram, Izhar, Hebron and Uzziel.
3 Amram two sons na:
Aaron and Moses and en girl pikin name na Miriam.
Aaron get four sons wey bi:
Nadab, Abihu, Eleazar and Itama.
4 Eleazar bi Finehas papa,
Finehas bi Abishua papa,
5 Abishua bi Bukki papa, Bukki bi Uzzi papa,
6 Uzzi bi Zerahaya papa, Uzzi bi Meraiot papa,
7 Meraiot bi papa, Amaraya bi Ahitub papa, Ahitub bi Zadok papa,
8 Zadok bi Ahimaaz papa, Ahimaaz bi Zabud papa,
9 Zabud kon born Johanan,
10 (Na dis Zabud bi di priest for di temple wey King Solomon build for Jerusalem),
11 Zabud bi Amaraya papa, Amaraya bi Ahitub papa,
12 Ahitub bi Zadok papa, Zadok bi Shallum papa,
13 Shallum bi Hilkaya papa, Hilkaya bi Zabud papa,
14 Zabud bi Seraya papa, Seraya bi Jehozadak papa.
15 King Nebukadnezzar kon karry Jehozadak with Judah and Jerusalem pipol go Babilon as slave.

### *Levi Shidren*

16 Levi born three sons:
Gershom, Kohat and Merari.
17 All of dem still born sons too. Na Gershom born
Libni and Shimei:
18 Kohat kon born
Amram, Izhar, Hebron and Uzziel;
19 Merari na Mahli and Mushi papa.
20 Gershom shidren-shidren na:
Libni, Jahat, Zimma,
21 Joah, Iddo, Zera and Jeaterai.

22 Kohat shidren-shidren na:
Amminadab, Korah, Assir,
23 Elkanah, Ebiasaf, Assir,
24 Tahat, Uriel, Uzzaya and Shaul.
25 Elkanah shidren-shidren na
Amasai, Ahimot,
26 Elkanah, Zofai, Nahat,
27 Eliab, Jeroham, Elkanah and Samuel.
28 Samuel sons na:
Joel (na-im bi senior),
sekond to Abijah.
29 Merari shidren-shidren na:
Mahli, Libni, Shimei, Uzza,
30 Shimea, Haggiaya and Asaya.

### *Music For Di Temple*

31 Na di men wey David put for di temple make dem dey play music afta
dem don karry di Kovenant Box go der, bi dis.
32 Na dem dey do all di
work for Tabanako, before King Solomon build temple for Jerusalem.
33 Doz wey serve along with di sons na:
From Kohat pipol:
Heman wey Samuel pikin Joel born and naim dey lead di first kwaya.
34 Samuel na Elkanah pikin.
Jeroham wey Eliel born,
na-im bi Elkanah papa.
Eliel na Toah pikin.
35 Na Zuf born Toah
and na Elkanah bi Zuf papa.
Elkanah na Mahat pikin
and na Amasai born Mahat.
36 Amasai na Elkanah pikin.
Elkanah na Joel pikin
and na Zabud born Joel.
Zabud na Zefanaya pikin.
37 Tahat wey Assir born,
na-im bi Zefanaya papa.
38 Assir na Ebiasaf pikin
and na Korah born Ebiasaf.
Korah na Izhar pikin.
Na Kohat born Izhar.
Levi wey Israel born,
na-im bi Kohat papa.
39 Na Asaf dey lead di sekond kwaya
and na Berekaya bi en papa.
Berekaya na Shimea pikin.
40 Mikael wey Baaseaya born,
na-im bi Shimea papa.
Baaseaya na Malkijah pikin
41 and na Etni born Malkijah.
Etni na Zera pikin and na Adaya wey
42 Etan born bi Zera papa.
Etan na Zimma pikin

and na Shimei born Zimma.
43 Shimei na Jahat pikin.
Na Gershom born Jahat. Gershom na Levi pikin.
44 Levi pipol wey serve near dem na Etan wey kom from Merari family.
Etan na Kishi pikin and Kishi na Abdi pikin.
Abdi na Malluk pikin,
45 and na Hashabaya bi Malluk papa.
Hashabaya na Amazaya pikin
and na Hilkaya bi Amazaya papa.
46 Amzi wey Bani born,
na-im bi Hilkaya papa. Bani na Shema pikin,
47 while Shema na Mahli pikin.
Na Mushi born Mahli
and na Merari bi Mushi papa.
Merari na Levi pikin.

48 Di remainin pipol for Levi wey dem give work for God house, na dem
bi dis. 49 Na Aaron and en shidren-shidren dey offa sakrifice for God altar.
Na dem dey kare for di holy place and for all di sakrifice wey go make God forgive Israel pipol dia sins. Dem do all dis tins, just as Moses kommand dem.

50 Aaron shidren-shidren na:
Eleazar wey born Finehas
and na Finehas bi Abishua papa.
51 Abishua na Bukki papa.
Na dis Bukki born Uzzi wey bi Zerahaya papa.
52 Na Zerahaya born Meraiot wey bi Amaraya papa
and Amaraya born Ahitub.
53 Na Ahitub bi Zadok and Ahimaaz papa.

### *Levi Pipol*

54 Aaron wey kom from Kohat family with en shidren-shidren, na where e dey stay bi dis. Di first share wey dem give Levi pipol for di land, na dem take am.

55 Na dem get Hebron near Judah and all di land wey dey near am.
56 Di lands and village wey dey di town, dem gi-am to Kaleb wey bi Jefunneh pikin.

57 Dis na di towns wey dem give Aaron shidren-shidren: Hebron,
Libnah, Jattir, Eshtemoa, 58 Hilez, Debir, 59 Ashan and Bet-Shemesh with
all dia land. 60 Di towns and lands wey dem give dem for Benjamin aria na: Gibeah, Alemet and Anatot.

So all di towns na thirteen.

61 Dem give di rest pipol for Kohat shidren-shidren ten towns, wey bi half of Manasseh tribe.

62 Dem give Gershom shidren-shidren, thirteen towns for Issakar, Asher, Naftali and East Manasseh wey dey for Bashan aria.

63 Na so too, dem still give all Merari family twelf towns for Reuben, Gad, and Zebulun aria.

64 Na like dis too, Israel pipol take give Levi pipol dia towns and lands.
65 Di towns for Judah, Simeon and Benjamin aria wey dem rite down before, dem still give dem to Levi pipol.

66 Some among di family, dem give dem Kohat towns and dia lands wey dey Efraim aria.

67 Dem still give dem Shekem towns and some lands wey dey for Efraim hill kountry with Geza and dia lands too. 68 Dem still give Levi pipol Jokmeam, Bet-Horon, 69 Aijalon and Gat-Rimmon towns with all dia lands.

70 For West Manasseh aria, dem give dem Aner and Bileam towns with all dia land.

71 Dis na di land and field wey dem give Gershom tribe:
For East Manasseh aria, dem give dem:
Golan for Bashan and Ashtarot.
72 For Issakar aria, dem give dem:
Kedesh, Daberat, 73 Ramot and Anem.
74 For Asher aria, dem give dem:
Mashal, Abdon, 75 Hukok and Rehob.
76 For Naftali aria, dem give dem:
Kedesh for Galilee, Hammon and Kiriataim.

77 Di remainin family wey dey Merari tribe, na di land wey dem give dem bi dis:
For Zebulun aria, dem give dem:
Rimmono and Tabor.
78 For Reuben aria wey dey di east side for Jordan River afta Jeriko, dem give dem:
Beza, Jahza, 79 Kedemot and Mefaat.
80 For Gad aria, dem give dem:
Ramot for Gilead, Mahanaim, 81 Heshbon and Jazer.

# 7

*Issakar Shidren-shidren*

1 Issakar four sons na:
Tola, Puah, Jashub and Shimron.
2 Tola six sons na:
Uzzi, Refaaya, Jeriel, Jahmai, Ibsam and Shemuel. Dem bi popula sojas and na dem dey head each family. For di time wen David bi king, di wariors for di family na 22,600.
3 Uzzi born Izrahaya
Izrahaya kon born Mikael, Obadaya, Joel and Isshaya and all of dem dey head dia family. 4 Dem get many wifes and shidren and dem still get 36,000 wariors.
5 All di wariors wey dem rekord for Issakar family na 87,000.

*Benjamin And Dan Shidren-shidren*

6 Benjamin born three sons:
Bela, Beka and Jediael.
7 Bela kon born five sons: Ezbon, Uzzi, Uzziel, Jerimot and Iri.
8 Beka born nine sons: Zemirah, Joash, Elieza, Elioenai, Omri, Jerimot, Abijah, Anatot and Alemet. 9 All of dem na leader for di family. Na 20,200 wariors dem rekord for di family.
10 Jediael born one pikin wey dem dey koll Bilhan.
Bilhan born seven sons:
Jeush, Benjamin, Ehud, Kenaana, Zetan, Tarshish and Ahishahar. 11 Dem dey head dia family. Na 17,200 wariors dey ready for war for dis family.

12 Ir sons na Shuppim and Huppim. Na Aher born Hushim.

### *Naftali Shidren-shidren*

13 Naftali born four sons:
Jahziel, Guni, Jeza and Shallum. Dem bi Bilhah shidren.

### *Manasseh Shidren-shidren*

14 Manasseh girl-friend for Aramean born two sons for am and dem bi:
Asriel and Makir. Na Makir born Gilead. 15 Makir marry wife for
Huppim and Shuppim. (En sista name na Maaka.)
Zelofehad na Manasseh sekond son and na only girl shidren e born.
16 Maaka wey bi Makir wife, born two boys: Peresh and Sheresh.
Peresh sons na: Ulam and Rekem.
17 Ulam pikin na Bedan.
Ramot wey Makir born, na en shidren-shidren bi dis and na Manasseh
bi Gilead grand-grand papa. 18 Ramot sista, Hammoleket born three
sons: Ishhod, Abiezer and Mahlah.
19 Shemida sons na:
Ahian, Shekem, Likhi and Aniam.

### *Efraim Shidren-shidren*

20 Efraim shidren-shidren na: Shutela, Bered, Tahat, Eleada, Tahat and
21 Zabad Shutela.
(Afta Shutela, Efraim still born Ezer and Elead wey dem kill wen dem
go tif animal for Gat pipol land.) 22 Efraim wey bi dia papa kry for
dem well-well and en brodas kon dey sorry for am. 23 E sleep with
en wife again and e kon born and dem koll di pikin Beraya, bikos
di family don face trobol well-well. 24 Efraim born one girl and en
name na Sheerah. Na en build Uppa and Lowa Bet-Horon and Uzzen
Sheerah towns.
25 Efraim still born one son, Refah.
Refah shidren-shidren na: Reshef, Telah, Tahan,
26 Ladan, Ammihud, Elishama,
27 Nun and Joshua.

28 Dia propaty and lands na Bethel and di towns wey dey near am, go
rish Naaran for di east and Geza for di west. Dem still stay for Shekem and
Ayyah and all di towns wey near dem. 29 Na Manasseh shidren-shidren
dey kontrol Bet-Shean, Taanak, Megiddo, Dor and di oda towns wey dey
near dem. Josef wey bi Jakob pikin, na en shidren-shidren stay all dis towns.

### *Asher Shidren-shidren*

30 Na Asher shidren-shidren bi dis: e born four sons:
Imnah, Ishvah, Ishvi and Beraya with one dota wey en name na Serah.
31 Beraya born two sons:
Heba and Malkiel. Na Malkiel bi Birzait papa.
32 Heba born three sons:
Jaflet, Shoma and Hotam with one dota, Shua. 33 Jaflet still born three
sons: Pasak, Bimhal and Ashvat.
34 En broda Shema sons na: Ahi, Rohgah, Hubbah and Aram:
Rohgah, Hubbah and Aram. 35 While dia last broda, Helem born four
sons: Zofah, Imna, Shelesh and Amal.
36 Zofah shidren-shidren na:
Suah, Harnefa, Shual, Beri, Imrah,

37 Beza, Hod, Shamma, Shilshah, Itran and Bera.
38 Jeta shidren-shidren na:
Jefunneh, Pispa and Ara.
39 While Ulla shidren-shidren na:
Arah, Hanniel and Rizia.
40 All dis pipol na Asher shidren-shidren. Dem dey head dia family and dem bi popula sojas. Asher wariors na 26,000 just as dem rekord am.

# 8

*Benjamin Shidren-shidren*

1 Benjamin first son na Bela,
sekond to Ashbel, before Ahara, 2 Nohah and Rafa.
3 Bela shidren-shidren na:
Addar, Gera, Abihud,
4 Abishua, Naaman, Ahoah,
5 Gera, Shefufan and Huram.
6 Dis na Ehud shidren-shidren. Dem bi di head for dia family and na Gibeah dem dey stay, but dem force dem go stay for Manahat.
7 Ehud shidren na Naaman, Ahijah and Gera. Gera, wey bi Uzza and Ahihud papa, na-im lead dem for di journey.
8 Afta Shaharaim porshu en too wifes, Hushim and Baara, e still born shidren wen e dey Moab land.
9 E marry Hodesh wey born seven sons for am and dia names na: Jobab, Zibia, Mesha, Malkam,
10 Jeuz, Sakia and Mirmah. All en shidren na leaders for dia family.
11 Hushim still born two sons for am: Abitub and Elpaal.
12 Elpaal born three sons:
Eber, Misham and Shemed. Na Shemed build Ono and Lod town with all di village wey dey near am.

*Benjamin Pipol For Gat and Aijalon*

13 Beraya and Shema na leaders for dia family and dem go stay for Aijalon kon porshu doz wey dey stay for Gat town komot.
14 Beraya shidren na: Ahio, Shashak, Jerimot,
15 Zebadaya, Arad, Eder,
16 Mikael, Ishpah and Joha.

*Benjamin Pipol For Jerusalem*

17 Elpaal shidren na: Zebadaya, Meshullam, Hizki, Heba,
18 Ishmerai, Izlaya and Jobab.
19 Shimei shidren na: Jakim, Zikri, Zabdi,
20 Elienai, Zilletai, Eliel,
21 Adaya, Beraaya and Shimrat.
22 Shashak shidren na: Ishpan, Eber, Eliel,
23 Abdon, Zikri, Hanan,
24 Hananaya, Elam, Antotijah,
25 Ifdeaya and Penuel.
26 Jeroham shidren na: Shamsheraya, Sheharaya, Atalaya
27 Jaareshaya, Elijah and Zikri.
28 All dis na di leaders for di family with dia shidren-shidren for Jerusalem just as dem rekord am.

*Benjamin Pipol For Gibeon and Jerusalem*

29 Na Jeiel build Gibeon town.
En wife na Maaka
30 and en first pikin name na Abdon, sekond to Zur, before Kish, Baal, Ner, Nadab,
31 Gedor, Ahio, Zeka
32 and Miklot

wey bi Shimea papa. All dis family stay for Jerusalem near dia oda family pipol.

### *King Saul Family*

33 Na Ner bi Kish papa and na Kish born King Saul. Saul born four sons: Jonatan, Malki-Shua, Abinadab and Eshbaal.
34 Na Jonatan bi Meribbaal papa and Merib-Baal born Mikah.
35 Mikah born four sons:
Piton, Melek, Tarea and Ahaz.
36 Ahaz na Jehoaddah papa and Jehoaddah born three sons: Alemet, Azmavet and Zimri. Na Zimri bi Moza papa. 37 Na Moza born Binea,
Binea born Rafah wey bi Eleasah papa and na Eleasah born Azel.
38 Azel born six sons: Azrikam, Bokeru, Ishmael, Shearaya, Obadaya and Hanan.
39 Azel broda, Eshek born three sons:
Ulam, Jeush and Elifelet. 40 Ulam sons na strong sojas. En shidren with en grand-shidren, na 150 dem bi.
Na dis pipol bi Benjamin shidren-shidren.

# 9

### *Doz Wey Kom Back From Babilon*

1 Dem rite Israel pipol name akordin to dia family for Israel kings history book. Dem karry Judah pipol go sofa for Babilon, bikos of dia sins.

2 Doz wey first kom back to dia land na: di priests, Levi pipol, doz wey dey work for di temple and some few Israel pipol.

3 Some of di pipol wey kom back to Jerusalem na from Judah, Benjamin, Efraim and Manasseh tribes.

4 Utai family dey among di ones wey kom back to Jerusalem. Utai na Ammihud pikin and na Omri bi en grand-papa. Na Imri wey Bani born, bi Omri papa and na Perez wey Judah born bi Bani papa.
5 Odas still kom back from Shilon family and dem bi Asaya wey bi di first-born and en sons.
6 From Zera family,
Jeuel and en family kom back too.
Na 690 family for Judah kom back to Jerusalem.
7 Doz wey kom back from Benjamin tribe na:
Sallu wey Meshullam born. Meshullam na Hodevah pikin and na Hassenuah bi Hodevah papa.
8 Ibneaya wey Jeroham born naim bi Hassenuah papa. Jeroham papa na Elah wey Uzzi born and na Mikri bi en grand-papa. Meshullam wey bi Shefataya pikin, na Reuel wey Ibnijah born, bi en grand-papa.
9 Na 956 family kom back from Benjamin tribe and dem rite dia names for di rekord book. All of dem na leader for dia family.

### *Di Priests For Jerusalem*

10 Di priests wey kom back to Jerusalem na:
Jedaya, Jehoiarib, Jakin, 11 and Zabud wey bi di leader for God Temple.
Na Hilkaya wey Meshullam born bi en papa. Zadok wey bi Meraiot pikin, na-im bi Meshullam papa. Meraiot na Ahitub pikin. 12 E
still get Adaya wey Pashhur pikin Jeroham born and na Malkijah bi Pashhur papa. Adiel pikin, Priest Massai still dey and na Jahzerah

bi en grand-papa. Na Meshullam born Jahzerah and na Meshillemit
wey Imma born, bi Meshullam papa. 13 Dem bi 1,760 priest wey kom
back and dem bi leader for dia family. Dis men dey work well-well
and na dem dey do God work for di temple.

### *Levi Pipol For Jerusalem*

14 Levi pipol wey kom back to Jerusalem na: Shemaya wey Hasshub
born, wey Azrikam born, wey Hashabaya born wey kom from Merari
tribe; 15 Bakbakkar; Heresh, Galal and Matanaya wey Mikah born and
dis Mikah, na Asaf grand-pikin wey Zikri born. 16 E still get Shemaya
pikin, Obadaya and na Galal wey Jedutun born, bi en grand-papa.
Berakaya wey Asa born, na-im bi Jedutun papa. Na Elkanah bi Asa
papa and na Netofat pipol land dem dey stay.

### *Di Temple Guards*

17 Di temple guards wey kom back to Jerusalem na:
Shallum, Akkub, Talmon, Ahiman and dia brodas. Na Shallum bi dia
leader. 18 Till today, na dia family dey guide di east side for di king
gate. Before-before, na dem dey guide di gate wey dey for Levi pipol
kamp. 19 Kore wey Ebiasaf born, na-im pikin Shallum, with Korah
pipol dey guide di door-mot for di tent where God present dey, just
as dia grand-grand papa do before. 20 Finehas wey bi Eleazar pikin,
na-im dey lead dem before and God dey with am. 21 Zekaraya wey
bi Meshelemaya pikin, don still bi guide before for Tabanako.

22 All di men wey guide di gates na 212. Dem register dem akordin to
where dem stay. Na King David and Samuel wey bi profet, put dem for
dis pozishon. 23 Na dem with dia shidren-shidren still dey guide di temple
gate. 24 Doz wey dey guide di gate dey for di four side wey face nort, sout,
east and west. 25 Dia family dey kom help and join dem guide for seven
days. 26 Di four main guide na from Levi tribe where dem for bi leaders.
Na dem still dey kare for di store room and evritin wey dem keep for di
temple. 27 Dem dey sleep near di temple, bikos na dia work to guide and
open di gate evritime.

28 Some of dem dey keep di tins wey dem take dey woship God for di
temple. Na dem dey bring and keep dem anytime wey dem use di tins
finish. 29 Na dem dey keep di holy tins, flour, wine, olive oil, incense and
spices. 30 But na di priests dey mix di spices. 31 Mattitaya wey kom from
Levi tribe, wey bi Shallum first pikin for Korah family, na-im dey bake di
bread wey dem dey use for ofrin. 32 Na Kohat family pipol dey bake di
holy bread for di temple wen Sabat Day rish.

33 Some family for Levi; dia work na to dey play music for di temple.
Doz wey dey head dis family dey stay di rooms for di temple and dat na
only wetin dem dey do, bikos dem fit koll dem to play, both for day and
nite.

34 Doz wey dem rite dia name down, dey head families for Levi tribe
and dem dey stay for Jerusalem.

### *Jehiel Shidren-shidren*

35 Jeiel (wey bi Gibeon papa) dey stay for Gibeon town.

En wife name na Maaka. 36 En first pikin na Abdon, before Zur, Kish,
Baal, Ner, Nadab, 37 Gedor, Ahio, Zekaraya and Miklot 38 wey bi
Shimea papa. Dem dey stay Jerusalem near dia oda family.
39 Na Ner bi Kish papa and na dis Kish born King Saul. Saul born four sons: Jonatan, Malki-Shua, Abinadab and Eshbaal.
40 Na Jonatan bi Merib-Baal papa and na Merib-Baal born Mikah.
41 Mikah four sons na:
Piton, Melek, Tarea and Ahaz.
42 Ahaz na Jehoaddah papa and Jehoaddah three sons na: Alemet,
Azmavet and Zimri. Na Zimri bi Moza papa. 43 Moza born Binea;
Binea born Rafaaya wey bi Eleasah papa and na Eleasah born Azel.
44 Azel born six sons:
Azrikam, Bokeru, Ishmael, Shearaya, Obadaya and Hanan. Na Azel pikin dem bi.

# 10

*King Saul Die*

1 Filistia pipol fight with Israel pipol for Gilboa mountin. Dem kill
many Israel pipol for der and di ones wey remain, run komot from der.
2 But Filistia pipol porshu dem katch kon kill Saul three shidren: Jonatan,
Abinadab and Malki-Shua. 3 Di fight strong well-well for where Saul dey,
so di enemies spear kon tosh and wound King Saul.

4 Den Saul tell di boy wey karry en swod sey, "Make yu kill mi with yor swod, so dat all dis Filistia pipol wey nor know God nor go kom sofa mi."

But fear nor let di boy do am. So Saul take en own swod take kill ensef.
5 Wen di boy si sey Saul don die, en too kon kill ensef. 6 So Saul with en
three shidren die togeda and nobody for en family dey to rule again.

7 Wen Israel pipol wey dey Jezrel Valley hear sey di sojas don run and Saul with en shidren don die, dem kon run leave dia towns. Den Filistia pipol kon seize and start to stay di town.

8 Di next day wen Filistia pipol kom gada tins from di pipol wey dem kill,
dem kon si sey Saul with en three shidren don die for Gilboa mountin.
9 Dem kut Saul head komot, remove en war klot kon send message go
evriwhere for Filistia sey, make dem tell dia pipol and juju about di good
news. 10 Dem put en weapon for one of dia temple kon hang en head for
dia juju wey dem dey koll Dagon, temple.

11 Wen Jabesh pipol for Ramot hear wetin Filistia pipol do to Saul, 12 doz
wey get heart kon go take Saul and en shidren body go beri for Jabesh.
Dem beri dem under one oak tree kon fast for seven days.

13 Saul die bikos e nor respet or obey God kommand. E go meet spirit
make e help am 14 instead of God wey go guide am. So God kill-am kon
make David wey bi Jesse pikin, king for Israel.

# 11

*David Rule Israel Pipol*

1 Den all Israel pipol go meet David for Hebron kon tell am, "Wi bi yor
own flesh and blood. 2 Before-before, even wen Saul still bi awa king, yu
karry us go fight and God wey bi yor God promise yu sey, yu go lead en
pipol as dia king."

3 Wen di leaders for Israel meet David for Hebron, e make agriment with
dem and dem anoint am as king for Israel, just as God promise dem thru
Samuel.

*David Konker Jerusalem*

4 David and Israel pipol go attack Jerusalem. Dat time, dem dey koll
Jerusalem, "Jebus", bikos na Jebus pipol dey stay di land. 5 Jebus pipol
kon tell David sey e nor go fit enter di town, but David seize where God
propaty dey for Zion, so dem kon dey koll di place, "David Town."
6 David sey, "Di first man wey go attack Jebus pipol, na-im go bi di sojas
oga!" So Joab wey en mama na Zeruaya, first attack and kill dem, so e kon
bi di sojas oga.
7 David go stay for where dia betta propaty dey and na dis make dem
dey koll am, David Town. 8 David build di town again. E start from where
big land dey for di east for di hill and Joab kon build di remainin side.
9 David kon dey strong evriday, bikos di Oga God dey with am.

*David Strong Sojas*

10 Dis na David strong sojas wey help and make en kingdom stand for
Israel. 11 Dia names na: Jeshobeam wey kom from Hakmon tribe and naim
dey head di ofisas. E kill three hundred men with en spear for only one
war.
12 Di next one na Dodo pikin, Eleazar wey kom from Ahohi tribe. 13 E
follow David fight Filistia pipol for Pass Dammim. E dey one side for di
field wey barley full, even wen Israel pipol bigin run, 14 en and en men
dey di field centre kon fight Filistia pipol and God make dem win.
15 One day, three of en strong sojas among di thirty kon go one rock
where David dey stay near Adullam Kave, while some Filistia pipol dey
Refah Valley. 16 For dat time, David dey one hill wey dem guide well-well
and some Filistia pipol dey for Betlehem. 17 David dey hongry for wota so
e kon sey, "I wish pesin fit go draw wota kon give mi from di well wey dey
for Betlehem gate, so dat I go drink!" 18 Di three strong sojas kon force
diasef pass Filistia pipol kamp, draw wota from di well kon give David.
But e nor gri drink am, instead, e pour am for groun as ofrin to God 19 kon
sey, "I nor fit drink dis wota, bikos e go bi like sey I dey drink dis men wey
risk dia life, blood!" So e nor drink am. So dis na wetin di three strong
sojas do.
20 Na Joab broda, Abishai dey lead di three strong sojas. E use en spear
take fight three hundred men kon kill all of dem, den e kon dey popula
with di three strong sojas. 21 Na-im popula pass among "Di Three" and e
kon bi dia leader, even doh e nor dey join di three.
22 Jehoiada pikin Benaya wey kom from Kabzeel, na anoda strong soja.
E still do many big tins kon kill two strong men for Moab. One day, e enter
one pit go kill lion. 23 E kill one Egypt man wey hold big spear for hand
and tall rish seven and half fit. Benaya attack di man, kollect en spear
kon kill-am. 24 Dis na di strong tin wey Benaya do and e dey among, "Di
Thirty." 25 Among di thirty, naim popula pass, but dem nor know am rish
di three strong sojas. David kon make am di bodyguards oga.
26 Di oda sojas wey do well na:

Asahel wey bi Joab broda;
Elhanan wey bi Dodo pikin wey kom from Betlehem;

27 Shammot wey kom from Harod;
Helez wey kom from Pelon;
28 Ikkesh pikin, Ira wey kom from Tekoa; Abiezer wey kom from Anatot;
29 Sibbekai wey kom from Hushah;
Ilai wey kom from Ahohi;
30 Maharai wey kom from Netofat;
Baanah pikin, Heled wey kom from Netofat;
31 Ribai pikin, Itai wey kom from Gibeah for Benjamin aria;
Benaya wey kom from Piraton;
32 Hurai wey kom from Gaash Valley;
Abiel wey kom from Arbat;
33 Azmavet wey kom from Bahurim;
Eliahba wey kom from Shaalbon,
34 Hashem wey Gizon born;
Shagee pikin, Jonatan wey kom from Harar;
35 Sakar pikin, Ahiam wey kom from Harar;
Elifal wey Ur born;
36 Hefa wey kom from Mekera;
Ahijah wey kom from Pelon;
37 Hezro wey kom from Karmel;
Naarai wey kom from Ezbai;
38 Joel wey bi Natan broda;
Mibhar wey Hagri born;
39 Zelek wey kom from Ammon;
Naharai wey kom from Beerot.
Na dis Naharai dey hold Zeruaya pikin, Joab swod.
40 Ira with Gareb wey kom from Jattir;
41 Uriaya wey kom from Hit;
Zabad wey Ahlai born.
42 Shiza pikin, Adina wey kom from Reuben tribe and di thirty sojas;
43 Hanan wey Maaka born;
Joshafat wey kom from Mitnite;
44 Uzzia wey kom from Ashterah;
Shama and Jeiel, Hotam shidren wey kom from Aroer tribe;
45 Jediael wey Shimri, en broda Joha wey kom from Tiz born;
46 Eliel wey kom from Mahavah;
Jeribai and Joshavaya wey bi Elnaam shidren;
Itmah wey kom from Moab tribe.
47 Den Eliel, Obed and Jaasiel wey kom from Mezoba.

# 12

*David First Sojas*

1 Dis na di men wey join David for Ziklag for di time wey e dey run from
Saul wey bi Kish pikin and dis men dey among di sojas wey help am for
war. 2 Dem kom from Benjamin tribe and na der Saul from kom. Dem sabi
shot arrows and trow stones well with dia two hand.
3 Na Ahiezer and Joash wey bi Shemaah shidren, wey kom from Gibeah,
bi dia kommander. Di sojas na: Jeziel and Pelet wey Azmavet born;

Berakah and Jehu wey kom from Anatot. 4 Ishmaya wey kom from
Gibeon and e popula well-well, bikos e dey join "Di Thirty." Jeremaya,
Jahaziel, Johanan and Jozabad wey kom from Gederah; 5 Eluzai, Jerimot,
Bealaya, Shemaraya and Shefataya wey kom from Haruf; 6 Elkanah,
Isshaya, Azarel, Joeza and Jashobeam wey kom from Korah family;
7 Joelah and Zebadaya wey bi Jeroham shidren and dem kom from
Gedor.

8 Some strong sojas for Gad wey dem don train for war kon go join David
too. Dem dey karry shield and spear. Dem bi like wiked lion and dem dey
run fast like deer wey dey di hill.

9 Na Ezer bi dia leader,
follow by Obadaya, Eliab,
10 Mishmannah, Jeremaya,
11 Attai, Eliel,
12 Johanan, Elzabad,
13 Jeremaya and Makbannai.

14 Some of dis men wey kom from Gad tribe na senior offisa wey dey
kommand tazon pipol, while di odas dey kommand hundred. 15 For di first
mont for di year, wen Jordan River dey flow enter land, dem kon cross go
skata di pipol wey dey stay di valley, for di east and west side for di river.

16 Some from Benjamin and Judah tribe still go meet David. 17 David go
meet dem kon sey, "If una kom like friends kon help mi, den I go make
agriment with una! But if una kom sell mi give my enemies wen I nor
tosh or wound una, make awa grand-grand papa God si evritin kon judge
una."

18 Den one spirit enter Amasai wey dey lead Di Thirty, so e kon sey,
"David, Jesse pikin,
wi dey yor side!
E go betta for yu!
E go betta for doz wey dey help yu!
True-true, yor God dey yor side!"

So David welkom dem kon make dem ofisas among en sojas.

### *Doz Wey Kom from Manasseh*

19 Some from Manasseh tribe still go meet David wen e follow Filistia
pipol go fight Saul. (But, e nor help di Filistia pipol, bikos dia king dey fear
sey e go sell dem give Saul wey bi en oga before, so dem send David and en
men go back to Ziklag.) 20 Wen David go Ziklag, Manasseh men wey join
am na: Adnah, Jozabad, Jediael, Mikael, Jozabad, Elihu and Zilletai and
na one-one tazon sojas dem dey lead. 21 Dem bi David ofisas, bikos dem
bi strong sojas. Leta, dem kon bi ofisas among Israel sojas. 22 Na almost
evriday new pipol dey kom join David sojas. So en and en sojas kon plenty
well-well.

### *David For Hebron*

23 Dis na di names of di strong sojas wey kom join David with dia leaders
for Hebron, so dat David go bi king afta Saul, just as God tok am:

24 From Judah: na 6,800 sojas wey dem don train to karry shield and
spear.

25 From Simeon: na 7,100 sojas.

26 From Levi: na 4,600 sojas. 27 Doz wey follow Jehoiada kom from Aaron family na: 3,700 with 28 Zadok wey sabi fight well-well and 22 oda leaders for di family.

29 From Benjamin wey bi Saul tribe: na 3,000 men wey dey loyal to Saul before.

30 From Efraim: na 20,800 popula men for dia village.

31 From half of Manasseh tribe: na 18,000 sojas wey dem sey make dem kon make David king.

32 From Issakar: na 200 leaders and dia family; dem undastand evritin, plus wetin Israel pipol suppose do.

33 From Zebulun: na 50,000 sojas wey karry difren weapon and dem dey ready for war.

34 From Naftali: na 1,000 ofisas with 37,000 sojas with dia shield and spear.

35 From Dan: na 28,600 sojas and dem dey ready for war.

36 From Asher: na 40,000 sojas and dem dey ready for war.

37 Doz wey kom from di oda side for Jordan River: From Reuben, Gad, and di half tribe for Manasseh: na 120,000 sojas wey karry difren weapon.

38 All dis men na sojas wey dey ready to fight. Dem kom Hebron kon
make David king ova Israel pipol. In-short, evribody for Israel gri sey make
David bi dia king. 39 Dem use three days take follow David chop and drink,
bikos dia pipol give dem evritin wey dem wont. 40 Even dia neighbours;
doz for nort wey dey far like: Issakar, Zebulun and Naftali tribe, still bring donkey, kamel and melu kon load dem with food, flour, fig, raisin, wine and olive oil. Dem still bring sheep, so dat di men go chop and Israel pipol kon dey happy more-more.

# 13

*Uzza Die*

1 King David koll and tok to di ofisas with 2 Israel pipol sey, "If una and di
Oga awa God go like am, den e betta make wi send message go meet awa remainin brodas, priests and Levi pipol for dia towns sey make dem gada
kom 3 follow us go karry God Kovenant Box, wey dem abandon thru-out
di time wey Saul bi king." 4 Wetin David tok, kon make di pipol dey happy.

5 So David gada Israel pipol from Shihor River for Egypt go rish Hamat,
so dat dem go-go bring God Kovenant Box from Kiriat-Jearim. 6 David and
all di pipol kon go Baalah town (wey bi Kiriat-Jearim), for Judah go bring God Kovenant Box wey dey on-top di creature wey get feada. Na God name dem dey koll di box.

7 Dem bring di Kovenant box kom out from Abinadab house, put am
for one new truck and na Uzza and Ahio dey guide am. 8 David with all
di pipol kon dey dance with dia heart to honor God. Dem sing dey play instrument, harp, drums, cymbals and trumpets.

9 Wen dem rish where dem for dey separate wheat for Kidon, di truck wey dem put di Kovenant Box kon dey shake like sey e won fall, so Uzza
kon hold di box make e for nor fall. 10 At wons, God vex kon kill Uzza,
bikos e tosh di box.

11 David vex well-well, bikos God kill Uzza, so e koll di place Perez Uzza and na-im dem dey koll am till today.

12 Den David kon dey fear God dat day so e kon sey, "How I go take
karry di Kovenant Box naw?" 13 So David nor karry am go Jerusalem
again, instead, e karry am go Obed-Edom wey kom from Gat, house. 14 God
Kovenant Box dey Obed-Edom house for three monts, so God bless Obed-
Edom family and evritin wey dem get.

# 14

*David Build Palis For Jerusalem*

1 King Hiram for Tyre kon send message go give David sey make dem
do business togeda. E still send cedar wood, stones and karpenters make
dem take build one palis for David. 2 David know sey na God make am
king for Israel and E dey prosper en kingdom and pipol.
3 David marry plenty wifes for Jerusalem and e born many shidren.
4 Di shidren wey dem born for am for Jerusalem na: Shammua, Shobab,
Natan, Solomon, 5 Ibhar, Elishua, Elpelet, 6 Nogah, Nefeg, Jafia, 7 Elishamah,
Beeliada and Elifelet.

*David Win Filistia Pipol*

8 Wen Filistia pipol hear sey dem don make David king for Israel, dia
sojas gada won kon go fight am. But David hear dia plan, so en and en
men kon mash go meet dem. 9 Filistia pipol go skata evriwhere for Refah
Valley. 10 So David ask God, "Make I go attack Filistia pipol? Yu go dey
with mi?"
God ansa, "Yes! Go attack dem, bikos I go dey with yu!"
11 So David attack and win dem for Baal-Perazim. David kon sey, "My
Oga God don use mi take distroy my enemies like wota wey dey rush fit
force." So E kon koll di place, "Baal-Perazim." 12 Wen Filistia pipol dey run,
dem leave dia juju, so David orda en pipol make dem burn dem trowey.
13 E nor too tey before Filistia pipol go skata di valley again. 14 Den David
ask God again and E sey, "Nor attack dem from dis side, but go pass thru
where di Balsam trees dey. 15 And wen yu hear pipol dey mash on-top di
trees, make yu attack dem bikos, I go mash go yor front go distroy Filistia
sojas." 16 David kon do as God kommand, so e drive Filistia pipol from
Gibeon pass Geza.
17 David story spread go evriwhere and God kon make all di nashons
dey fear am.

# 15

*Di Kovenant Box For Jerusalem*

1 David build many house for ensef for en own town. E still make one
place for God Kovenant Box. 2 David kon sey, "Na only Levi pipol go karry
di Kovenant Box, bikos na dem God choose to karry di box and serve am
forever."
3 So David gada Israel pipol go Jerusalem make dem go bring di Kovenant
Box kom di place wey e make for am. 4 So e sey make dem koll Levi pipol
and Aaron shidren-shidren kom.
5 From Kohat family:
dem koll 120 pipol and na Uriel dey lead dem.
6 From Merari family:
dem koll 220 pipol and na Asaya dey lead dem.

7 From Gershom family:
dem koll 130 pipol and na Joel dey lead dem.
8 From Elizafan family:
dem koll 200 pipol and na Shemaya dey lead dem.
9 From Hebron family:
dem koll 80 pipol and na Eliel dey lead dem
10 and from Uzziel family:
dem koll 112 pipol and na Amminadab dey lead dem.

11 David koll Priest Zadok and Priest Abiatar with six pipol form Levi
tribe and dem bi: Uriel, Asaya, Joel, Shemaya, Eliel and Amminadab. 12 E
tell dem, "Na una bi leaders for Levi tribe. Make una klean all Levi pipol
and unasef, so dat una go fit bring di Oga wey bi Israel God, Kovenant
Box kom di place wey I make for am. 13 God ponish us, bikos una nor dey
der to karry am for di first time and wi nor woship am as wi suppose to."
14 Den Levi pipol and di priest kon klean demsef, so dat dem go fit karry
Israel God Kovenant Box. 15 Levi pipol karry di box for pole kon put am
for dia shoulder, just as God kommand thru Moses, en savant.

16 David still kommand Levi leaders sey, "Make Levi pipol use harp and
cymbals take play music."

17 So Levi pipol appoint: Heman wey Joel born and Asaf wey bi Berekaya
pikin, bikos dem bi dia relashon. Di next pesin na Kushaya pikin, Etan
wey kom from Merari family. 18 Di pipol wey dem choose to assist dem
na: Zekaraya, Jaaziel, Shemiramot, Jehiel, Unni, Eliab, Benaya Maaseaya,
Mattitaya, Elifelehu, Mikneaya and Obed-Edom and Jeiel wey dey guide di
gate.

19 Doz wey dey sing na Heman, Asaf, Etan and na dem dey play di bronze
cymbals; 20 Zekaraya, Aziel, Shemiramot, Jehiel, Unni, Eliab, Maaseaya and
Benaya dey play di harps. 21 Mattitaya, Elifelehu, Mikneaya, Obed-Edom,
Jeiel and Azazaya dey play di lyres. 22 Bikos Kenanaya sabi play music
well-well, dem kon make am dia leader.

23 Dem choose Berakaya and Elkanah make dem dey guide di Kovenant
Box. 24 Doz wey dem choose to blow trumpet for di Kovenant Box front
na: Shebanaya, Joshafat, Netanel, Amasai, Zekaraya, Benaya and Elieza
and all of dem na priests. Dem still choose Obed-Edom and Jehaya make
dem dey guide di box too.

25 So King David, Israel leaders and all di sojas oga, go Obed-Edom house
go karry di Kovenant Box kom Jerusalem and dem kon dey sing and dance.
26 Dem sakrifice seven bull and seven ram, bikos God dey help di Levi pipol
wey karry di Kovenant Box. 27 Doz wey dey play music, with Shenanaya
wey bi dia leader and Levi pipol wey karry di box, wear one robe wey dem
make with fine linen. David too dress like priest and e wear robe too. 28 So
evribody for Israel follow di Kovenant Box go rish Jerusalem dey happy,
dey play trumpets, horns and cymbals kon dey sing and dance.

29 As dem bring di box enter di town, Saul dota, Mikal look thru window
kon si David en husband dey dance anyhow, so e kon dey vex for am.

# 16

*David Start Di Woship*

1 Dem karry di Kovenant Box go put for di tent wey David make for am.
Den dem do sakrifice kon woship God. 2 Afta David don give di sakrifice

finish, e kon bless di pipol with God name and
3 all of dem kon chop beleful.
E give bread, meat wey dem roast and rice to each pesin for Israel.
4 David tell some Levi pipol sey, make dem lead di pipol as dem dey woship for di Kovenant Box front kon dey sing and praiz di Oga wey bi Israel pipol God.
5 Dem sey make Asaf lead dem, while Zekaraya go dey help am. Den make Jeiel, Shemiramot, Jehiel, Mattitaya, Eliab, Benaya, Obed-Edom and Jeiel play harp, while Asaf go dey play di cymbal.
6 Na Priest Benaya and Priest Jahaziel dey blow di trumpet for di Kovenant Box front.

*David Tank God*

7 Dat day, David first sey make Asaf with all Levi pipol sing dis song take tank God:

8 "Make una tank and koll God name!
Make una let di whole world know di tins wey E do!
9 Make una sing dey praiz God!
Make una tok about di wonderful tins wey E dey do!
10 Make una boast about en name wey dey holy!
Doz wey dey serve am, make una happy!
11 Make una go meet God and E go help una!
Make una always dey woship am!
12 Make una remember all di mirakles wey E do,
en wonderful works and di way E take dey judge,
13 bikos na una bi Israel shidren-shidren; God savant;
pipol wey kom from Jakob wey God don choose as en own!
14 Na-im bi di Oga awa God!
Na-im dey judge di whole eart.
15 Make una nor forget wetin dey God kovenant;
en kovenant wey go last forever,
16 just as E promise Abraham and Isaak.
17 God give en kovenant to Jakob
and na kovenant wey go last forever.
18 E sey, 'I go give yu Kanaan land
and e go bi yor own.'
19 Dat time, God pipol nor many
and dem bi strenjas for di land.
20 Dem dey waka from kountry to kountry
and from town to town.
21 God nor let anybody opress dem;
instead, E ponish kings bikos of dem kon sey:
22 'Make una nor tosh di pipol wey I choose
or trobol my profets.'
23 Make evribody for di eart sing to God!
Make una always dey tok about en goodness
and how E take dey save pesin.
24 Make una tell di world about en glory
and di big-big tins wey E dey do.
25 Bikos God dey great and evribody must praiz
and respet am pass oda gods.
26 Di gods for oda towns nor mean anytin,
but na God make di heavens.

27 Na-im get glory and majesty!
Na-im dey give us pawa and joy.
28 Make evribody praiz God!
Make una praiz God for en glory
and how E big rish.
29 Make una give God di praiz
wey bi en own!
Make una bring ofrin kom en present!
Make una dey holy kon woship God!
30 Make evritin wey dey dis world fear God!
God don make di world stand
and nor-tin go fit move or break am.
31 Make di heavens and eart dey happy!
Make una tell di whole world sey, na God bi king.
32 Make di sea and evritin wey dey inside, shaut!
Make di grass and evritin wey dey inside dem bigin dance!
33 Den make all di trees for bush shaut with joy for God,
bikos E dey kom judge di world.
34 Make una tank God, bikos E dey good,
en love go dey forever.
35 Make una pray kon sey,
'Awa Oga God, make Yu kom save us!
Make Yu gada us kon save us from dis nashons!
Den wi go tank and praiz yor name wey dey holy.'
36 Make di Oga wey bi Israel God get all di praiz
from naw and forever."
Den all di pipol ansa, "Amen! Wi go praiz di Oga awa God!"

### *Woship For Jerusalem and Gibeon*

37 King David sey make Asaf and some Levi pipol dey lead di pipol as
dem dey woship God for di tent where di Kovenant Box dey and na der
dem go for dey do dia work evriday. 38 Dem still choose Obed-Edom wey
bi Jedutun pikin and 68 oda men. Na Hosah and Obed-Edom dey guide di
gate.

39 Na Priest Zadok and di oda priests dey serve for God house for Gibeon.
40 Evry morning and evening, dem dey offa burnt sakrifice for di altar, just
as dem rite am for God Law Book. 41 Odas wey join dem na: Heman,
Jedutun and di odas wey dem choose to dey praiz God, "Bikos en love
dey forever." 42 Na Heman and Jedutun dey kontrol how dem dey play
di trumpets, cymbals and di oda tins wey dem take dey praiz God. Na
Jedutun sons dey guide di gate.

43 Den evribody go back to en house and David go en house too go bless
en family.

## 17

### *God Promise David*

1 Wen King David don dey stay en palis, e kon tell Profet Natan, "I dey
stay for palis wey dem build with cedar wood, but God Kovenant Box dey
for tent!"

2 Natan ansa, "Make yu do wetin dey yor mind, bikos God dey with yu."

3 Dat nite, God kon tell Profet Natan,

4 “Go tell David my savant sey, ‘Dis na wetin God dey tok: “Make yu
nor build house for mi. 5 Bikos since di time wen I take Israel pipol
komot from Egypt kon rish naw, I neva stay for any house. Na difren
tent I dey stay for evriwhere. 6 Even as I travel with Israel pipol rish,
I neva tell any leader wey I put before sey, ‘Wetin make yu neva build
temple for mi with cedar wood!’ ” ’

7 So, make yu tell David my savant sey, mi wey bi di Oga God sey, ‘I
take yu from where yu dey guide sheep kon make yu lead my pipol,
Israel. 8 I dey follow yu go anywhere wey yu dey go kon let yu win all
yor enemies. I go make yu dey popula like all di strong men for dis
eart. 9 I don choose one place for my pipol, Israel and I don put dem
for where dem go stay and nobody go opress dem again as dem dey do
dem before-before 10 wen I choose pipol to dey judge dem. I go distroy
all yor enemies.’

I pray sey, ‘Mi di Oga yor God go give yu many shidren wey go bi kings.
11 Wen time don rish for yu to die, I go make one among yor pikin, king
kon make en kingdom strong. 12 Na-im go build temple for mi and I go
make sure sey en kingdom dey forever. 13 I go bi en papa and e go bi
my pikin. I go always support am and I nor go leave am as I leave Saul
wey yu take-ova from. 14 I go make am rule my pipol and my kingdom
forever; en shidren-shidren go always dey rule.’ ”

15 So Profet Natan go tell David evritin wey God tell am.

### *David Praiz God*

16 So David enter Tabanako, sidan kon sey,

“My Oga God! Na who bi mi and my family wey Yu dey do all dis tins
for? 17 Yu even do di ones wey big pass dis ones! Even my grand-grand
shidren wey dem neva born, Yu don promise dem many tins! My Oga
God! Why Yu dey trit mi like one big man?

18 Wetin I won tell Yu again? Even doh Yu know mi well-well, Yu still
dey respet mi wey bi yor savant. 19 Yu dey do all dis tins for mi yor
savant, bikos na so Yu wont am. Yu don show mi how Yu big rish.

20 My Oga God! Nobody bi like Yu! Wi know sey na only Yu bi God.
21 No kountry for dis world bi like Israel pipol wey Yu save from doz wey
opress dem kon make dem yor pipol. Di big tins wey Yu do for dem, don
make pipol know yor name for di whole world. Yu save yor pipol from
Egypt kon drive oda pipol komot from di land for dem. 22 Yu don turn
Israel to yor pipol forever and na Yu wey bi God, bi dia God.

23 Naw, my Oga God, make Yu do wetin Yu promise my shidren-
shidren! Make Yu do wetin Yu sey Yu go do. 24 Dem go know yor name,
den pipol go always dey sey, ‘God Almighty na Israel pipol God’ and Yu
go always keep my kingdom.

25 My Oga God, I dey pray with all my heart, bikos Yu don show and tell
yor savant sey, ‘I go make yor shidren-shidren rule forever.’ 26 My Oga
God! Yu bi God and Yu don promise mi all dis wonderful tins. 27 And
naw, Yu don choose to bless my family so dat wi go dey with Yu forever,
bikos if Yu my God bless pesin, di blessing go dey forever.”

## 18

### *David Win Many War*

1 Leta, David attack and win Filistia pipol again kon take Gat town with
all en village.
2 E still win Moab pipol kon bigin rule and kollect tax from dem.
3 Afta, David attack King Hadadeza for one Siria land for Zobah near
Hamat aria. King Hadadeza bi won take-ova di aria for Eufrates river
side. 4 David seize Hadadeza 1,000 shariot, 7,000 men wey dey ride horse
and 20,000 sojas wey dey waka with leg. David keep many horse for war
kon break di rest ones leg.
5 Wen Siria pipol for Damaskus send sojas go help King Hadadeza, David
attack and kill 22,000 sojas. 6 Den David set soja kamp for dia aria kon dey
rule and kollect tax from dem. God give David viktory for evriwhere.
7 David karry all di gold shield wey Hadadeza sojas take dey guide diasef
for war, go Jerusalem. 8 E still take many bronze from Tibhat and Kun
where Hadadeza for dey rule. (Na Solomon use all dis bronze take build
tank, kolumns and oda bronze tins for di temple.)
9 Wen King Toi for Hamat hear sey David don win and kollect all
Hadadeza sojas, 10 e send en pikin, Joram go greet David, bikos e win King
Hadadeza. (King Toi don fight with King Hadadeza well-well before, but e
nor fit win am.) Joram karry gold, silva and bronze follow body go.
11 King David dedikate dis tins to God with di gold and silva wey e win
from Edom, Moab, Ammon, Filistia and Amalek pipol.
12 Abishai, wey en mama na Zeruaya, kill 18,000 Edom men for Salt
Valley. 13 E put guards for Edom. Na King David dey rule all di pipol for
der and God make David win all en war.

*David Ofisas*

14 David rule Israel land kon make sure sey dem dey trit en pipol well.
15 Abishai wey bi Joab broda, naim bi di sojas oga and na Jehoshafat wey
Ahilud born, dey keep rekord. 16 Ahitub pikin Zadok and Ahimelek wey
Abiatar born, na dem bi priests, while Shavsha kon bi seketry for di kourt.
17 Benaya wey bi Jehoiada pikin, naim dey lead David bodyguards and
David sons na shiefs ofisas too.

# 19

*David Win Ammon Pipol*

1 Leta, King Nahash for Ammon die and en pikin Hanun kon take-ova
from am. 2 King David sey, "I must go pay respet and make friend with
King Hanun, just as King Nahash wey bi en papa, do give mi." So David
send messenjas go tell am sorry for en papa wey die.
Wen David messenjas rish King Hanun palis for Ammon, 3 doz wey bi
leaders for Ammon kon tell di king, "Yu tink sey na, bikos of yor papa wey
die naim make David send dis pipol kon tell yu sorry? Wi know sey e send
dem kom look di land, so dat leta, e go kom fight and win us!" 4 So King
Hanun hold David messenjas, kut dia bear-bear and di klot for dia yansh
side kon send dem go back.
5 Shame nor let dem go house back. Wen King David hear wetin happen,
e send message go meet dem sey make dem stay Jeriko until dia hair grow
again.
6 Wen King Hanun and Ammon pipol know sey dem don make David dia
enemy, dem kon use about 75,000 pound for silva take go hire men from

Aram Naharaim, Aram Maaka and Zobah. 7 Di 32,000 shariot wey dem
hire and Maaka sojas kon kamp near Medeba. All Ammon pipol ready
kom from dia town to fight.

8 Wen David hear wetin happen, e kon send Joab with all en sojas go.
9 Ammon pipol mash go pozishon for di side wey dem take dey enter
Rabbah wey bi dia kapital town and all di kings wey kom help dem, dey
for di open field.

10 Joab si sey dia enemy sojas go attack dem from both front and back,
so e choose di strong-strong sojas for Israel kon make dem face Aramean
pipol. 11 E kon sey make en broda, Abishai, dey kommand di oda sojas and
dem kon face Ammon pipol.

12 Joab tell Abishai, "If yu si sey Aramean pipol dey opress mi, make yu
kom help mi and if Ammon pipol dey opress yu, I go kom help yu. 13 Make
yor heart dey strong! Make wi fight for awa pipol and God town and make
God do wetin dey en mind."

14 Wen Joab with en pipol attack, Aramean pipol kon bigin run. 15 Wen
Ammon pipol si Aramean pipol dey run, dem too kon start to run from
Abishai go inside dia town. Den Joab and en sojas kon go back to
Jerusalem.

16 Wen Aramean pipol si sey Israel pipol don win dem, dem kon send
for more men from di east side for Eufrates river and na Shobak wey dey
kommand Hadadeza soja for Zobah, bi dia kommander.

17 Wen David hear am, e gada Israel sojas, cross Jordan River kon face
Aramean pipol and dem kon start to fight. 18 Israel pipol kon porshu
Aramean sojas go back. David with en men kill 7,000 shariot drivers and
40,000 sojas wey dey waka with leg. Dem still kill Shobak wey bi Aramean
sojas kommander.

19 Wen di kings wey dey respet King Hadadeza si sey Israel pipol don
win dem well-well, dem kon go make peace and bigin obey King David.

So Aramean pipol nor gri kon help Ammon pipol again.

# 20

*David Katch Rabbah*

1 Di next rainin sizin, for di time wen kings dey go fight, Joab karry en
sojas go skata Ammon land; but David stay for Jerusalem. Dem attack,
distroy and seize Rabbah town. 2 Ammon pipol juju wear one gold crown
for en head wey heavy rish 75 pounds and jewel dey inside am, so David
kollect am put for en own crown. E still karry many tins komot from di
town. 3 E karry di town pipol kon make dem work with saw, iron hoe and
axe. Na so e do with di odas for all di towns for Ammon. Den en and en
men, go back to Jerusalem.

*Fight Against Filistia Pipol*

4 Afta, Israel pipol kon fight again with Filistia pipol for Geza. For dis
time, Sibbekai from Hushah kill one giant wey dem dey koll Sippai and
dem kon win Filistia pipol.

5 Dem still fight with Filistia pipol and Elhanan wey Jair born, kill Lahmi
wey bi Goliat broda from Gat wey e spear tick rish di bar wey dem take
dey weave.

6 Anoda fight happen for Gat, where e get one giant wey get six fingers
for en hand and six toe for en leg. Na di giants family for Gat, e from kom.
7 E dey trobol Israel pipol, but na Jonatan wey David broda, Shimea born,
kill-am.

8 All dis men na giant, Rafa shidren-shidren for Gat and na David with
en men, kill dem.

# 21

*David Kount Di Pipol*

1 Naw, Devil won bring trobol kom meet Israel pipol, so e kon make
David kount di pipol. 2 David orda Joab and di oda ofisas sey, "Make una
go round Israel from one end to di oda for di kountry kon kount all di
pipol, bikos I won know how dem many rish."

3 Joab ansa, "God go make Israel pipol many pass di way dem bi naw!
But my oga! All di pipol na yor own, wetin make yu won do dis tin kon
put di whole kountry for wahala?"

4 But David make Joab obey en kommand. So Joab travel round Israel
kon kom back to Jerusalem. 5 E tell David, "Di men wey fit bi sojas for
Israel na 1,100,000 and for Judah, dem bi 470,000."

6 Bikos Joab nor won bin do wetin di king kommand am, e nor kon kount
Levi and Benjamin tribe. 7 God vex well-well for wetin happen, so E kon
ponish Israel.

8 David tell God, "Na big sin I don kommit so, bikos I kount di pipol.
Abeg make Yu forgive mi, bikos of dis foolish tin wey I do."

9 Den God tell Profet Gad, 10 "Go tell David sey I dey gi-am three tins to
choose from and na any one wey e choose, I go do." 11 So Profet Gad go
meet David kon tell am wetin God tok, den e ask am, "Na wish one yu
wont make God do?

12 "Three years wey food nor go too dey; or three monts wey una go
dey run from una enemy sojas; or three days wey God go attack una with
sickness and en angel go bring deat kom dis land? Na wish one yu wont
make I tell God?"

13 David ansa, "My kase bad well-well, but I nor wont make men ponish
mi. Instead make only God ponish mi, bikos E dey sorry for pesin."

14 So God send sickness kom Israel and 70,000 pipol die. 15 God send
angel go distroy Jerusalem. Leta, E shange en mind kon tell di angel, "Make
yu stop! Di one wey yu do, don rish!" Di angel stand near Araunah wey
kom from Jebus, farm.

16 David si as di angel stand for di centre; hold en swod as e bin won
distroy Jerusalem finish.

17 So David pray, "My Oga God, na mi do wrong; na mi sey make dem
kount pipol. Wetin all dis poor pipol do? Abeg, make Yu leave dis pipol
kon ponish mi and my family."

18 Den God angel kon tell Profet Gad, "Kommand David make e go
Araunah farm go build altar for God for der." 19 So David obey God
kommand and e go build altar for der, just as Profet Gad tell am.

20 For di farm, as Araunah and en four shidren dey plant wheat, dem
kon si di angel, den all of dem run go hide. 21 As Araunah si David dey
kom, e bow face groun.

22 David kon tell am, “Make yu sell yor farm give mi, I won build altar
put for God, so dat dis sickness go stop. I go give yu di money wey yu wont
for am.”
23 Araunah ansa, “My king! Make yu take am do anytin wey yu wont.
Yu still fit take dis animal kon burn am for di altar, den use dis board take
do di fire; even wheat dey here for ofrin. I dey give all of dem to yu.”
24 But David ansa, “No! I go pay yu for evritin, I nor go fit give wetin bi
yor own to God as ofrin. I nor fit give God sometin wey I nor sweat or pay
for.”
25 So David pay Araunah six hundred gold koins for di farm. 26 E build
altar for der for God kon do burnt and fellowship ofrin for di altar. E pray
and God kon ansa am, bikos E send fire from heaven kon burn di sakrifice
for di altar.
27 God tell di angel make e remove en swod and e obey. 28 David si sey
God don ansa en prayer, so e kon still offa sakrifice for di altar wey dey
Araunah farm. 29 As all dis tins dey happen, di tent wey Moses build for
desert and di altar where dem for dey burnt sakrifice put, still dey where
dem for dey woship for Gibeon. 30 But David nor fit go woship God for
der, bikos e dey fear God angel and en swod.

# 22

1 So David sey, “Na dis place di Oga awa God Temple go dey. Na for here
Israel pipol go for dey burn dia ofrin give God.”

### *David Plan To Build God Temple*

2 King David kon give orda sey make all di strenjas for Israel gada kom
work. E sey make some make block wey dem go use take build di temple.
3 E give dem many iron to take make nail with wood wey dem go take make
di gate. E still give dem many bronze wey nobody fit measure. 4 Tyre and
Sidon pipol bring many cedar wood kom gi-am.
5 David kon tink and sey, “Di temple wey Solomon wey bi my pikin go
build, must fine well-well, but e still yong naw and e nor know anytin, so
I must prepare tins for am.” So David gada many tins keep for Solomon
before e die.
6 E send message go koll Solomon kon tell am make e build di Oga wey
bi Israel God Temple. 7 David tell Solomon, “My pikin, I really won build
temple take honor di Oga wey bi my God. 8 But E tell mi sey I don fight
many war and kill too many pipol. And bikos of di pipol wey I don kill, I
nor go fit build temple for am. 9 But E promise mi sey, ‘Yor pikin go rule
with peace, bikos I go make all en enemies love am. Di pikin name go bi
Solomon, bikos for en time, I go give Israel pipol peace kon guide dem. 10 E
go build temple for mi. I go bi en papa and e go bi my pikin. En kingdom
for Israel, go dey forever and ever.’ ”
11 David still sey, “Naw my pikin, make di Oga awa God dey with yu and
make E help yu build en temple, just as E promise. 12 Make di Oga wey
bi yor God give yu wisdom to take rule Israel, just as E tok. 13 If yu obey
all di law wey God give Moses for Israel, yu go prosper. Make yor heart
strong and make yu nor fear at-all.
14 “But for di temple, I don use my pawa gada almost 4,000 tons for gold
and 40,000 tons for silva wey dem go take build am. Dem still dey bring

many bronze and iron kom. I don still keep wood and stone wey yu go use,
but yu go still nid more. 15 Yu get many men wey dey work for yu; men
wey go make stones and yu still get karpenters too. Yu still get enough
men wey go work 16 with gold, silva, bronze and iron. Naw, make yu start
di work and make God dey with yu."

17 David kommand all di leaders for Israel make dem help Solomon. 18 E
tell dem, "Di Oga wey bi una God dey with una and E don give una peace
for evry side. E make mi win all di pipol wey dey stay dis land and dem dey
under una and God. 19 Naw, make una serve God with all una heart and
soul. Make una start to build di temple, so dat una go fit put di Kovenant
Box and all di holy tins wey dem take dey serve God, for inside."

# 23

1 Wen David don old well-well, e kon make en pikin Solomon, king for Israel.

### *Wetin Levi Pipol Do*

2 David gada Israel leaders, di priests and Levi pipol togeda 3 kon kount
all di men wey kom from Levi tribe wey don rish or pass thirty years and
all of dem na, 38,000. 4 Di king choose 24,000 wey go do di temple work;
6,000 wey go dey rite and judge kase; 5 4,000 wey go dey guide and anoda
4,000 wey go dey praiz God with di music instrument wey di king make.

6 David divide Levi pipol into three groups, just as dem take kom from Gershon, Kohat and Merari family.

7 Gershon born two sons:
Ladan and Shimei.
8 Ladan three son na:
Jehiel, Zetam and Joel.
9 Shimei three sons na:
Shelomot, Haziel and Haran.
Na dem dey lead Ladan family.
10 Shimei still born:
Jahat, Ziza, Jeush and Beraya.
11 Na Jahat dey lead di family sekond to Ziza. Jeush and Beraya nor born many sons, so dem kount dem as one family.
12 Kohat born four sons:
Amram, Izhar, Hebron and Uzziel.
13 Na Amram born
Aaron and Moses.
Dem choose Aaron and en shidren-shidren to dey kare for di holy tins;
burn incense to take woship God; to dey serve God and dey bless di
pipol with God name forever. 14 But Moses wey bi God savant, dem
rite en shidren-shidren name join Levi pipol.
15 Moses born two sons:
Gershom and Elieza.
16 Na Shebuel bi Gershom first son.
17 Elieza born only Rehabaya,
but Rehabaya born many shidren.
18 Na Kohat sekond pikin, Izhar born Shelomit.
19 Hebron four sons na:
Jeraya, Amaraya, Jahaziel and Jekameam.
20 Uzziel sons na: Mikah and Isshaya.

21 Merari sons na: Mahli and Mushi.
Mahli sons na: Eleazar and Kish.
22 But Eleazar nor get boy pikin before e die, na only girls e born. En
girl shidren marry Kish shidren wey bi dia kousin.
23 Mushi born three sons:
Mahli, Eda and Jerimot.

24 Na Levi shidren-shidren bi dis, just as dem rite dia name for dia difren
family. Doz wey don rish twenty years for Levi family, still follow dem
work for God Temple. 25 Den David sey, "Di Oga wey bi Israel God don
give en pipol rest and E go stay Jerusalem forever. 26 So, Levi pipol nor nid
to dey karry di tent wey God dey and all di tins wey dem take dey woship
am, again." 27 Just as David kommand, dem kon kount Levi pipol wey don
rish and pass twenty years.

28 Dia work na to help Aaron shidren-shidren as dem dey serve for God
Temple. Na dem dey kare for di kourtyard; di rooms; to dey klean di holy
tins and any oda tin wey koncern God Temple. 29 Na dem still dey kare
for di bread wey dey der; di ofrin flour; di bread wey nor get yist; to dey
mix dem and all di tins wey dem dey measure. 30 Dem still dey stand for
one special place evry morning and evening dey offa tanks and praiz to
God, 31 both for di time wen dem burn sakrifice as ofrin to God on Sabat
Day and for New Moon Feast. E get di nomba of pipol wey must serve God
evritime, just as dem rite am for di law.

32 Na dem dey kare for di tent where dem for dey meet and di holy
place. Dem still dey help dia brodas wey bi Aaron shidren-shidren, wey
dey serve for God Temple.

# 24

### *Di Priest Work*

1 Dis na how dem take divide Aaron shidren-shidren:
Aaron sons na: Nadab, Abihu, Eleazar and Itama. 2 Nadab and Abihu
die before dia papa die and dem nor born pikin, so dia brodas, Eleazar
and Itama kon bi priest. 3 Na King David, Zadok (wey kom from Eleazar
Family) and Ahimelek (wey kom Itama family), group Aaron shidren-
shidren akordin to di work wey dem go do. 4 Eleazar shidren-shidren get
more leaders pass Itama own, so dem divide dem akordin to dia family.
Eleazar get sixteen leaders, while Itama get eight. 5 As e bi sey di temple
ofisas and spiritual leaders dey among Eleazar and Itama shidren-shidren,
dem kon trow dice take divide dem.

6 Di seketry, Shemaya wey bi Netanel pikin from Levi tribe kon rite
dia names give di king, di ofisas, Priest Zadok, Ahimelek wey bi Abiatar
pikin and di leaders among di priests and Levi family. Dem choose
each family with di dice wey dem trow for Eleazar and Itama. 7 So di
twenty-four family wey dem give work na: Jehoiarib, Jedaya, 8 Harim,
Seorim, 9 Malkijah, Mijamin, 10 Hakkoz, Abijah, 11 Jeshua, Shekanaya,
12 Eliashib, Jakim, 13 Huppah, Jeshebeab, 14 Bilgah, Imma, 15 Hezir,
Happizzez, 16 Petahaya, Jehezkel, 17 Jakin, Gamul, 18 Delaaya and Mazzaya.

19 Dis na how dem take do dia work wen dem enter God Temple and na
akordin to di rules wey dia grand-grand papa Aaron give dem, just as di
Oga wey bi Israel God, kommand am.

*Levi Pipol Wey Remain*

20 Levi leaders wey remain na: Shebuel from Amram family;
Jehdeaya from Shebuel family.
21 Isshaya from Rehabaya family;
22 Shelomit from Izhar family;
Jahat from Shelomit family.
23 From Hebron family na Jeraya, Amaraya, Jahaziel and Jekameam.
24 Mikah from Uzziel family while from Mikah family na Shamir
25 with Isshaya wey bi Mikah broda. Zekaraya from Isshaya family.
26 Mahli and Mushi from Merari family.
Beno from Jaazaya family.
27 From Merari family thru Jaazaya di leaders
na Beno, Shoham, Zakkur and Ibri.
28 From Mahli family na Eleazar bi leader,
doh e nor born boy pikin.
29 From Kish family,
na Jerahmeel bi di leader.
30 From Mushi family,
di leaders na Mahli, Eda and Jerimot.
All dis na leaders for Levi family. 31 Just like di leaders for Aaron family,
dem divide dia work give dem with dice wey dem trow without sey dem use age or rank. King David, Zadok, Ahimelek, di priests and di leaders for Levi tribe dey der and dem do evritin for dia front.

# 25

*Doz Wey Go Sing*

1 King David and di ofisas pick some of Asaf, Heman and Jedutun shidren to profesai as dem dey play instrument and cymbals. Dis na di men wey dem choose:
2 From Asaf sons:
Zakkur, Josef, Netanaya and Asarelah. Asaf wey dey profesai for di king, na-im dey lead dem.
3 From Jedutun sons:
Gedalaya, Zeri, Jeshaaya, Shimei, Hashabaya and Mattitaya. Dia papa wey dey profesai wen dem dey praiz God, na-im dey lead dem.
4 From Heman sons:
Bukkaya, Matanaya, Uzziel, Shebuel, Jerimot, Hananaya, Hanani, Eliatah, Giddalti, Romamti-Ezer, Joshbekashah, Malloti, Hotir and
Mahaziot. 5 All dis na di king profet wey bi Heman shidren. God gi-am fourteen sons and three dotas, just as E promise am sey e go dey great.
6 Na dia papa dey lead dem and dem dey sing for God Temple, dey play cymbal and oda instrument as dem dey serve for der. But na di king dey
supavise Asaf, Jedutun and Heman. 7 Dem train dem and dia rilashons so
dat dem go fit play music well for God and dem bi 288. 8 Dem dey trow
dice to take know di work wey dem go do, weda yu old or yong, weda yu sabi di work or just dey start am.
9 Di first dice wey dem trow na for Josef wey bi Asaf pikin and twelf of en sons and rilashons.
Di next one na Gedalaya and twelf of en sons and rilashons,

10 before Zakkur and twelf of en sons and rilashons.
11 Next pesin na Izri and twelf of en sons and rilashons.
12 Den Netanaya and twelf of en sons and rilashons.
13 Before Bukkaya and twelf of en sons and rilashons.
14 Di next na Jesharelah and twelf of en sons and rilashons.
15 Before Jeshaaya and twelf of en sons and rilashons.
16 Matanaya and twelf of en sons and rilashons.
17 Shimei and twelf of en sons and rilashons.
18 Azarel and twelf of en sons and rilashons.
19 Hashabaya and twelf of en sons and rilashons.
20 Shubael and twelf of en sons and rilashons.
21 Mattitaya and twelf of en sons and rilashons.
22 Jerimot and twelf of en sons and rilashons.
23 Hananaya and twelf of en sons and rilashons.
24 Joshbekashah and twelf of en sons and rilashons.
25 Hanani and twelf of en sons and rilashons.
26 Malloti and twelf of en sons and rilashons.
27 Eliatah and twelf of en sons and rilashons.
28 Hotir and twelf of en sons and rilashons.
29 Giddalti and twelf of en sons and rilashons.
30 Mahaziot and di twenty fourt dice, na for
31 Romamti-Ezer and twelf of en sons and rilashons.

# 26

*Temple Guards*

1 Doz wey dey guide di temple, na dia names bi dis:
From Korah tribe: Meshelemaya wey Kore born and e kom from Asaf family.
2 Meshelemaya sons na: Zekaraya wey bi senior, before Jediael,
Zebadaya, Jatniel, 3 Elam, Jehohanan and Eliehoenai.
4 Obed-Edom sons na: Shemaya wey bi senior, before Jehozabad, Joah,
Sakar, Netanel, 5 Ammiel, Issakar and Peulletai. (True-true, God bless Obed-Edom.)
6 Obed-Edom first pikin Shemaya still born sons wey bi leaders and pipol
dey respet dem well-well. 7 Shemaya sons na: Otni, Refael, Obed,
Elzabad. En relashon na Elihu and Semakaya and pipol dey respet
dem too. 8 All dis na Obed-Edom family. Pipol dey respet dem well-well, bikos dem sabi do dia work. Dem bi sixty-two wey rilate to Obed-Edom.
9 Meshelemaya get eighteen sons and rilashons wey pipol dey respet well-well.
10 Hosah wey kom from Merari family born four boy and dem bi: Shimri
(en papa make am di first-born, even doh nor bi en dem first-born),
11 di sekond na Hilkaya, before Tebalaya and Zekaraya. Na thirteen pipol for Hosah family bi guide for di temple.
12 Dem divide di temple guards, just as dia family bi and dem give dem
work for di temple, just as dem give di oda Levi pipol. 13 Di pipol from
each family trow dice, both yong and old, just to know di work wey dem go do.

14 Di dice for di east gate na for Shelemaya and en pikin, den Zekaraya
wey dey give betta advise kon take di nort gate. 15 Dem give Obed-Edom
di gate for sout sey make en sons dey guide di store room. 16 Na Shuppim
and Hosah dem give di west gate and Shalleket gate wey dey di road for
up.

Di guards dey shange duty among demsef. 17 Evriday, six guards dey-dey
for di east, four for nort and four for sout. But na four guards dey-dey di
store room, two-two for one side. 18 Na four guards dey di kourt for di
west, while two dey inside di kourt.

19 Dis na how dem take divide di guards wey bi Korah and Merari family.

### *Oda Work For Di Temple*

20 Oda Levi pipol dey guide di precious tins wey dey di temple and di
store room wey dem put di tins wey dem dedikate give God.

21 From Ladan family wey kom from Gershon tribe, na Jehiel bi dia
leader. 22 Na Jehiel sons, Zetam and Joel dey kare for di store room for di
temple.

23 Di leader wey kom from Amram, Izhar, Hebron and Uzziel family na:

24 Shebuel wey Moses pikin Gershom born, na-im dey supavise di store
room. 25 En relashon thru Elieza na: Rehabaya, Jeshaaya, Joram, Zikri
and Shelomit. 26 Evry gift wey King David, di leaders, doz wey dey
lead tazon and hundred sojas dedikate give God, na Shelomit and en
relashon dey guide dem for di temple. 27 Dem don dedikate some of
di tins wey dem karry from war give God for di temple. 28 Evritin
wey Profet Samuel, Kish pikin Saul, Ner pikin Abner and Joab pikin
Zeruaya dedikate give God for di temple, na Shelomit and en rilashons
dey guide dem.

29 But for Izhar family, dem give Kenanaya and en shidren work outside
di temple, as ofisas and judge for Israel.

30 As for Hebron family: Hashabaya and en relashon wey bi 1,700 men
wey pipol dey respet, na dem dey work for di west side for Jordan
River for Israel. Dem do God work and wetin di king wont. 31 For
Hebron family, na Jeraya bi leader just as dem rite am. For di forty
years wen King David dey rule, dem shek where dem rite am put kon
si sey, dis men na pipol wey pipol dey respet for Jazer wey dey Gilead.
32 King David choose 2,700 men from Jeriaya relashon wey pipol dey
respet well-well kon sey make dem dey lead Reuben tribe, Gad tribe
and half of Manasseh tribe. Na dem dey judge any matter wey koncern
God and di king.

## 27

### *Di Sojas Oga God*

1 Dis na di list of leaders for Israel family and tribe with ofisas wey dey
kommand sojas and all of dem get dia work for di kingdom. Dem sey make
each group dey serve one mont for evry year and na 24,000 men dey each
group.

2 Dis na di pipol wey dey kommand each group: di first group for di first
mont na: Jashobeam wey bi Zabdiel pikin and dem bi 24,000 men. 3 E
kom from Perez family and na-im dey for di first mont.

4 For di sekond mont na: Dodai wey kom from Ahohi family (Na Miklot bi en main offisa) and dem bi 24,000 men.
5 Di third mont na: Benaya wey bi Priest Jehoiada pikin, dey lead dem and dem bi 24,000 men. 6 Na Benaya bi di leader for di "Thirty." Na en pikin, Amizabad bi en main offisa.
7 For di fourt mont: Asahel wey bi Joab broda, na-im dey lead dis group. (En pikin, Zebadaya kon take-ova from am) and dem bi 24,000 men.
8 Di fift mont na: Shamhut wey kom from Izhar family na-im dey lead am and dem bi 24,000 men.
9 Di sixt mont na: Ira wey Ikkesh wey kom from Tekoa, born and dem bi 24,000 men.
10 Di sevent mont na: Helez wey kom from Efraim tribe for Pelon and dem bi 24,000 men.
11 Di eight mont na: Sibbekai for Hushah and na from Zera family for Judah tribe, e from kom and dem bi 24,000 men.
12 Di ninet mont na: Abiezer from Anatot wey dey Benjamin tribe and dem bi 24,000 men.
13 Di tent mont na: Maharai from Netofat (na Zera family e from kom) and dem bi 24,000 men.
14 Di elevent mont na: Benaya from Piraton wey dey Efraim tribe and dem bi 24,000 men.
15 And di twelft mont na: Heldai from Netofat (e kom from Otniel family) and dem bi 24,000 men.
16 Di ofisas for Israel tribe na:
Zikri pikin Elieza and e dey lead Reuben tribe.
Shefataya wey Maaka born, dey lead Simeon tribe.
17 Na Kemuel pikin Hashabaya dey lead Levi pipol,
but na Zadok dey lead Aaron shidren-shidren.
18 Na King David broda Elihu dey lead Judah tribe,
while Omri wey Mikael born dey lead Issakar tribe.
19 Na Obadaya pikin Ishmaya dey lead Zebulun tribe,
while Jerimot wey Azriel born dey lead Naftali tribe.
20 Hoshea wey Azazaya born, na-im dey lead Efraim tribe,
while Joel wey bi Pedaaya pikin, dey lead West Manasseh.
21 Iddo wey bi Zekaraya pikin dey lead East Manasseh for Gilead;
Jaasiel wey Abner born dey lead Benjamin tribe,
22 while Jeroham pikin, Azarel dey lead Dan tribe.

23 Wen David sey make dem kount di pipol, e sey make dem nor kount pipol wey neva pass twenty years, bikos God promise sey E go make Israel pipol plenty like di stars wey dey di sky. 24 Joab wey en mama na Zeruaya
kon bigin kount di pipol, but e nor komplete am. God kon ponish Israel for wetin dem do, so dem nor fit rite di real nomba for King David own book.

### *Doz Wey Keep Di King Propaty*

25 Dis na di pipol wey keep di king propaty for en palis: For di royal store room, Azmavet wey Adiel born, dey der.

Na Jonatan wey Uzzaya born, dey di local store room. To dey do farm work na: 26 Ezri wey Kelub born, na-im dey der.

27 Na Shimei from Ramat dey di vineyard, while Zabdi from Shefam, dey di wine store.

28 Na Baal-Hanan from Geder dey keep di olive and sikamore trees (wey
dey di west land for under di hills).
While Joash dey keep di olive oil.
29 Shitrai wey kom from Sharon, na-im dey keep di melu dem for where
dem for dey chop grass for Sharon, while Shafat wey Adlai born, dey keep
di animals wey dey di valley.
30 Na Obil wey kom from Ishmael tribe, dey keep di kamel; Jehdeaya
from Meronot dey keep di donkeys, while 31 Jaziz wey kom from Hagrit,
dey keep di sheep.
32 Jonatan wey bi David papa broda na betta advise and e know wetin e
dey tok. Na en and Hakmoni pikin, Jehiel dey tish di king sons.
33 Na Ahitofel dey advise di king, while Hushai from Ark, na di king very
good friend.
34 Jehoiada wey Abiatar born give Benaya, na-im kon take-ova from
Ahitofel.
Na Joab bi di whole sojas oga.

# 28

### *David Kommands*

1 King David kommand and gada all di offisa for Jerusalem. So all di
ofisas for di tribe wey dey do di kingdom work; di family leaders; doz wey
dey look di propaty and di animals wey di king and en shidren get; all di
ofisas for di palis; di sojas oga and all di men wey pipol dey respet kon
gada for Jerusalem.
2 David stand for dia front kon sey, "My kountry pipol, make una listin
to mi. I bin won build betta house for God Kovenant Box, where God go
stay. I don prepare tins to take build betta temple for God. 3 But God nor
gri make I do am, bikos I don fight and kill many pipol for war.
4 "So di Oga wey bi Israel God don choose mi and my shidren-shidren as
king for Israel forever. E sey make Judah tribe dey bring doz wey go lead
and na from Judah, E from choose my papa family. And from di family, E
kon choose mi as king for Israel. 5 E give mi many sons and na Solomon
E choose from all of dem, make e rule God pipol for Israel. 6 God tell mi,
'Na yor pikin, Solomon, go build my temple. I don choose am as my pikin
and I go bi en papa. 7 If e kontinue to obey my laws and kommand as e
dey do naw, I go make en kingdom last forever.'
8 "So naw, my pipol, for awa God present and for all Israel wey bi God
pipol front, I sey make una obey evritin wey God kommand us, so dat una
go kontinue to stay dis betta land kon leave am for una shidren-shidren
forever." 9 Den e tell Solomon, "My pikin, I kommand yu sey make yu
know yor papa God and make yu use all yor mind and heart take serve
am. E know all wetin wi dey tink and wetin wi wont. If yu go meet am, E
go take yu, but if yu turn from am, E go abandon yu forever. 10 Yu must
know sey God don choose yu to build en temple. Naw, make yu use all yor
heart take build am."
11 David kon give Solomon di plans wey e go take build di temple, di
store room, all di oda rooms and di place wey holy pass, where God for
dey forgive pipol dia sins. 12 E still gi-am di plan, just as e get am for mind
to build di kourtyard and di rooms wey round dem; di store room wey dem

go put di temple tins and di gifts wey dem dedikate give God. [13] David gi-
am di plan wey di priest and Levi pipol go take dey know and do dia work
for di temple and how to keep all di temple plate and spoons. [14] E still tell
am about di amount of silva and gold wey e go use take make di spoon,
pot, plates, [15] di lamp, di lampstand, [16] di silva tabol and di gold tabols wey
dem go put di bread wey dem go offa give God. [17] E tell am how mush e
go take buy di pure gold take make fork, plate, jug, [18] di altar where dem
go for dey burn incense and di shariot wey go karry di creature wey dia
feadas kover di Kovenant Box.

[19] King David sey, "All dis tins dey for di plan wey dem rite, just as God
kommand mi."

[20] David tell Solomon en pikin, "Make yu nor fear, but start di work with
strong heart and nor let anytin stop yu. God wey I dey serve, go dey with
yu. E nor go abandon yu, but E go stay with yu till yu finish di temple
and evritin wey go dey inside. [21] Dem don give di priest and Levi pipol, di
work wey dem go do for di temple. Doz wey sabi work dey ready to help
yu and all di pipol and dia leaders go obey yor kommand."

# 29

### *Gifts To Take Build Di Temple*

[1] King David tell all di pipol, "Na Solomon my pikin God choose, but e
still dey yong and e neva sabi many tins. Di work wey dem won do dey
hard, bikos dis nor bi palis for man, but na temple for di Oga awa God. [2] I
don try to prepare silva, gold, bronze, iron, timba, stones wey dear, jem
stones to take make di floor and many marbols to take build di temple.
[3] Even with all dis tins wey I don gada, I still give my silva and gold, bikos
of di love wey I get for God Temple. [4] I don give more dan 112 tons for di
gold wey fine pass and 262 tons for silva wey dey pure, so dat dem go take
am take dekorate di temple wall [5] and all di tins wey una go make. Naw,
who go like give God ofrin from en heart?"

[6] Den all doz wey dey lead dia family, di tribe ofisas, di sojas oga dem
and doz wey dey work for di temple kon sey dem go give [7] dis tins for di
temple work: about 188 tons for gold; 10,000 gold koin, 375 tons for silva;
675 tons for bronze and 3,750 tons for iron. [8] Doz wey get stones wey
dear, bring dem kom where dem put di tins wey dem won use take build
di temple and na Jahiel wey kom from Gershon family, bi dia leader. [9] Di
pipol use dia mind take give and dem happy sey dem don give many tins
to God. So David kon dey happy too.

### *David Praiz God*

[10] For der wey all di pipol gada put, David praiz God kon sey,
"God wey awa papa Jakob serve,
wi praiz yor name forever!
[11] Yu dey great and get pawa;
Yu get glory, honor and respet.
Evritin for heaven and eart, na yor own
and dis na yor kingdom.
Wi dey praiz Yu
pass evritin for dis world.
[12] Na from Yu money and propaty from dey kom.
Na yor strent and pawa Yu take dey rule evritin

and Yu fit make anybody big and strong.
13 Awa God, wi tank
and praiz yor name wey get pawa.
14 “But who mi and my pipol bi? Wi nor really fit give Yu anytin, bikos
na Yu get evritin and wi dey give Yu wetin Yu first give us. 15 Awa Oga
God! Yu know sey wi dey pass thru dis world like strenjas, just as awa
grand-grand papa dem do. Awa days bi like shadow wey dey fade and wi
nor fit run from deat. 16 Awa Oga God, wi don bring all dis tins togeda to
take build temple take honor yor name, but all of dem kom from Yu and
dem bi yor own. 17 I know sey Yu dey test evribody heart and Yu dey like
doz wey dey respet diasef. I put my body for groun kon use all my heart
take give Yu all dis tins and I don si how all yor pipol dey happy as dem
dey give Yu dia gifts. 18 God wey bi awa grand-grand papa Abraham, Isaak
and Jakob God, make yor pipol always dey ready to obey Yu forever, so
dat Yu go always make dem dey faithful to Yu. 19 Make Yu give Solomon
my pikin di heart to take obey evritin wey Yu kommand, about how dem
go take build di temple, wey I don gada tins for.” 20 Den David kommand
en pipol, “Make una praiz di Oga wey bi una God!” And all di pipol praiz
di Oga wey bi dia papa God kon bow honor en and di king.
21 Di next day, dem kon dedikate and sakrifice some animals to God, den
dem give dem to di pipol make dem chop. Dem still sakrifice 1,000 rams,
bulls and lamb for di altar kon still bring wine as ofrin. 22 So dem chop
and drink as dem dey happy for God present.
Den dem kon dey shaut, “Na Solomon bi king.” Den, dem anoint am with
God name as dia ruler kon make Zadok dia priest. 23 So Solomon take-ova
from en papa David for di throne wey God don bless. Solomon prosper
well-well and all di kountries dey obey am. 24 All di ofisas, sojas and even
David oda shidren kon promise sey dem go respet am as dia king.
25 God make all di nashons dey sopraiz for Solomon, bikos E gi-am glory
wey pass any oda king wey don rule Israel before am.

### *David Die*

26 David wey Jesse born rule Israel 27 for forty years. E rule from Hebron
for seven years and e rule Jerusalem for thirty-three years. 28 E die wen
e don old well-well. E get many propaty and evribody dey respet am.
Solomon en pikin kon take-ova from am as king.
29 Evritin wey David do from biginnin go rish end, dem rite am both for
Profet Samuel, Profet Natan and Profet Gad book. 30 Di book show how
e get pawa rish and all di tins wey happen to en, Israel pipol and all di
kingdoms wey dey near am.

# Sekond Kronikles

*Solomon Ask For Wisdom*
1 David pikin, Solomon kon make en kingdom strong well-well, bikos di
Oga wey bi en God dey with am and E gi-am pawa.
2 Solomon tok to Israel pipol, plus doz wey dey kommand difren group
from hundred go rish tazon; doz wey dey judge kase and all di leaders for
Israel wey bi head for dia family. 3 Solomon and all di pipol go woship
God for Gibeon, for di altar wey God savant, Moses, build for di wildaness.
4 (For dis time, David don take di Kovenant Box from Kiriat-Jearim go
di place wey e prepare for am for Jerusalem. 5 But di bronze altar wey
Bezalel, Uri pikin, wey bi Hur grand-pikin make, dey for front of Tabanako.
Solomon and all di pipol kon pray to God for der.) 6 Solomon go meet God
for di bronze altar wey dey di place kon do sakrifice. E kill 1,000 animal
kon burn dem as ofrin.
7 Dat nite, God appear to Solomon kon tell am, “Make yu tell mi wetin
yu wont make I do for yu.”
8 Solomon ansa, “My God! Yu show sey Yu dey loyal to my papa David
and Yu make mi king afta am. 9 Naw, my Oga God, make yor promise wey
Yu make with my papa David, happen, bikos Yu don make mi king ova dis
great nashon wey plenty like san-san. 10 My Oga God! Make Yu give mi
wisdom and undastandin, so dat I go fit lead yor pipol well. Bikos without
wisdom, nobody go fit rule dis yor great nashon well.”
11 God tell Solomon, “Yu nor ask for money, propaty and honor, or pawa
to revensh yor enemies or for long life, instead yu ask for wisdom and
undastandin, so dat yu go fit rule my pipol well; 12 naw, wisdom and
undastandin, na yor own. I go still give yu money, propaty and di kind
honor wey pass evry oda king wey dey before and wey go dey afta yu.”
13 Solomon komot from di tent for where dem for dey woship for Gibeon
kon go Jerusalem, where e for rule ova Israel.

*King Solomon Pawa*
14 Solomon kon get many shariot. E get 1,400 shariot and en ordinary
horse na 12,000. E keep dem for difren place for Jerusalem. 15 Di king
make silva and gold plenty for Jerusalem like san-san; cedar wood many
for Jerusalem like sikamore fig tree wey dey di low lands. 16 Solomon buy
en horse dem from Egypt and Kwe and na di pipol wey dey buy and sell
horse give kings, sell for am. 17 Dem pay 600 silva for each shariot from
Egypt, plus 150 silva for ordinary horse. Dem still sell shariot and ordinary
horse to all di kings for Hit and Siria.

## 2

*Tins For Di Temple*
1 Solomon sey make dem build one temple to take honor God and one
royal palis for ensef. 2 Solomon get 70,000 ordinary workers and 80,000
men wey dey kut stone for di mountin, plus 3,600 men wey dey supavise
di workers.

3 Solomon send message go meet King Hiram for Tyre sey,
"Make yu kom help mi, just as yu help my papa David, wen yu gi-
am cedar wood make e take build en palis. 4 I dey ready to build one
temple to honor di Oga my God and to dedikate am gi-am. I go burn
betta incense for am; offa bread and burnt sakrifice evry morning and
evening and for Sabat Day too. I go do di same tin for new moon festival
and evry oda tin wey di Oga my God tok. Dis na wetin Israel pipol go
dey do.
5 I go build betta big temple, bikos awa God big and betta pass evry
oda gods. 6 True-true! Who fit really build temple for am, since di sky
and di heavens wey high pass too small for am? Who I bi to build temple
for am? E go just bi where dem go for dey offa sakrifice gi-am.
7 So, make yu send somebody kom; pesin wey know how to work with
gold, silva, bronze and iron, plus purpol, crimson and violet klot. Pesin
wey fit design well-well. E go work with my men wey sabi karve tins
for Jerusalem and Judah, bikos na David my papa train dem.
8 Make yu send cedar wood, evagreen and algum trees for Lebanon
kon give mi, bikos I know sey yor savants sabi kut trees. My savants go
work with yor savants, 9 so dat dem go fit give mi many wood make I
take build betta big temple. 10 Si, yor savants wey go kut di wood, I go
pay dem with 20,000 bag of wheat, 20,000 bag of barley, 120,000 gallon
of wine and 120,000 gallon of olive oil."
11 King Hiram for Tyre kon send dis leta go give Solomon:
"Bikos God love en pipol, E kon make yu king."
12 Hiram still sey,
"Na di Oga God for Israel deserve all di praiz, bikos na-im make di sky
and di eart! E don give David one pikin wey wise and undastand sey e
suppose build temple for God, plus royal palis for ensef.
13 Naw, I dey send Hiram kom meet yu. E sabi di work well-well; 14 en
mama kom from Dan tribe, while en papa na from Tyre. E know how to
work with gold, silva, bronze, iron, stones and wood; plus purpol, violet,
white and crimson klot. E still know how to make difren design. E go
work with yor men and yor papa David men.
15 Naw, make my oga send di wheat, barley, olive oil and wine as e
promise kom give en savant; 16 wi go get all di wood wey yu wont from
Lebanon kon arrange dem kom give yu thru Joppa Sea. So yu fit karry
dem from der go Jerusalem."
17 Solomon kon still kount all di men wey bi strenjas for Israel, afta en
papa David kount evribody for Israel. All of dem na 153,600. 18 E make
70,000 of dem ordinary worker; 80,000 dey kut stones for di mountin,
while 3,600 dey supavise di workers, to make sure sey di pipol komplete
di work.

# 3

### *Di Temple*

1 Solomon kon start to build God Temple for Jerusalem on-top Mount
Moraya, di place where God for appear to en papa David, but na Araunah
wey kom from Jebus, get der before. 2 Solomon don dey rule for four years
wen e start to build for di sekond day for di sekond mont.

3 Di foundashon wey Solomon build for God Temple long rish 90 fit
(akordin to as dem dey measure before) and wide rish 30 fit. 4 Di varanda
for di main hall front na 30 fit, while di temple wide and high rish 30 fit.
Solomon design inside di temple with pure gold. 5 E make di main hall
with board wey dem make from evagreen trees; design am with fine gold
kon dekorate am with palm trees and shains. 6 E dekorate di temple with
precious stones and na from Parvaim dem from bring di gold wey e use.
7 E still design di house, di beams, di wall, di post and all di doors wey dey
di temple and e karve tins wey bi like angel for di walls.

8 E make di Most Holy Place long rish 30 fit, while di temple wide and
deep rish 30 fit too. E design am with fine gold wey dear rish 600 silva
koin. 9 Di nail for di gold heavy rish 50 shekel and e still design di up with
gold.

10 For di Most Holy Place, e make two image wey bi like angel kon design
dem with gold. 11 If dem put di angels feada togeda, e rish 30 fit. One for
di first angel feada long rish seven and half fit and e tosh one wall for
di temple; why di oda feada na still seven and half fit and e dey tosh di
sekond angel feada. 12 One for di sekond angel feada still long rish seven
and half fit and e dey tosh di oda wall for di temple; di oda feada na still
seven and half fit and e dey tosh di first angel feada. 13 If yu add di two
angel feada togeda, na 30 fit dem bi. Dem stand well face inside di temple.

14 Na violet, purpol, crimson and white klot, Solomon take make di
curtain kon design and dekorate am with tins wey bi like angels.

15 For di temple front, e make two pila and dem long rish fifty-two and
half fit and each of dem high rish seven and half fit. 16 E make strong
shains kon put dem on-top di pila. E still make one hundred fruits wey get
many seeds kon dekorate and join dem to di shains. 17 E put di pila for di
temple front; one for di rite side and di oda for di left, den e koll di one
for rite, “Jakin” and di left one, “Boaz.”

# 4

1 Solomon make one bronze altar wey long rish 30 fit; wide rish 30 fit
and e high rish 15 fit. 2 E still make one bronze basin kon koll am “Di
Sea.” If dem measure am from one side to di oda, na 15 fit e bi; e round
for shape kon high rish seven and half fit. Di basin round rish 45 fit. 3 Bull
wey dem karve dey under am for evriwhere. One melu image dey under
am for evry step. Di bull dey two side and dem join dem to “Di Sea.”

4 “Di Sea” stand on-top twelf bull. Three face nort, three face west, three
face sout and three face east. “Di Sea” dey on-top dem and all of dem face
outside. 5 E tick rish three inches and di tins wey dem take hold am, dey
shine like lily flower. E fit kontain like 18,000 gallons of wota.

6 E make ten basin wey dem fit take wosh: E put five for di sout and five
for di nort side. Na inside di basin dem for dey wosh di tins wey dem dey
take do di burnt sakrifice; but di priest dey wosh inside “Di Sea.”

7 E make ten gold lampstand just as e suppose bi kon put dem for di
temple; five for di rite side and five for di left.

8 E make ten tabol kon put dem for di temple; five for di rite side and
five for di left. E still use gold take make one hundred bowl.

9 E make di kourtyard for di priests, di big kourt and di door for di
kourt kon design dem with bronze. 10 E put “Di Sea” for di sout-side for di
sout-east korna.
11 Hiram make di pots, shovels and bowls. E finish all di work for God
Temple, just as King Solomon tell am.
12 E make di two pila,
di two bowl wey dey on-top di two pila, with two shains wey dem design
for di top
13 di 400 fruits wey get many seeds wey dem take design shains for di
pilas (each of di design get two of dis fruits on-top di pila),
14 di ten stand wey dem fit move with di ten basins,
15 di big bronze basin wey dem dey koll, “Di Sea” with di twelf bull wey
dey under; 16 di pots, shovels and di meat fork.
All di tins wey King Solomon give Hiram make e do for God Temple, dem
make dem with bronze wey dem polish. 17 Di king sey make dem mold
dem kom from Jordan River, between Sukkot and Zaretan. 18 Even with
all dis many tins wey Solomon make, di bronze dem still remain.
19 Solomon still make all dis fine tins for God Temple,
di golden altar
and di tabol wey e go put di sakrifice bread;
20 plus di gold lampstand with dia lamps wey go dey burn for di Most
Holy Place, just as Moses kommand
21 and na fine gold dem take make di flower, di lamp and di tongs.
22 Na pure gold dem take make di wick iron, di bowl, spoon and di censer.
Na gold dem still take make di door-mot, di house front, inside di door
and di temple door.

# 5

1 Wen Solomon don build God Temple finish, di holy tins wey bi en papa
David own (tins like: silva, gold and all di oda tins) e pak dem put inside
di store room for di temple.

### *Di Kovenant Box*

2 Den Solomon sey make all di eldas for Israel, plus all di leaders for di
tribes and family for Israel, kom meet am for Jerusalem, so dat dem go
dey der wen dem dey karry di Kovenant Box kom from David Town (wey
bi Zion). 3 Israel men gada go meet di king wen dem dey do di festival for
di sevent mont.
4 Wen Israel leaders rish der, na dat time Levi pipol kon karry di
Kovenant Box. 5 Di priest and Levi pipol karry di box, di tent where God
for appear to di pipol and all di holy tins wey dey inside. 6 For dis time,
King Solomon and Israel pipol wey dey der with am kon dey waka for di
box front and dem sakrifice many sheep and kattle wey nobody fit kount.
7 Di priest karry di Kovenant Box go where dem sey make dem put am
for inside di temple, for di Most Holy Place wey dey under di angels image
feada. 8 Di angel image feada kover di place where dem put di box. Di
angel wey dem karve, kover di box and en poles. 9 Di poles long well-well
sotey dem dey si dia end from di temple main room and di Most Holy
Place, but nor bi from outside. Dem still dey der till today. 10 Nor-tin dey
inside di box escept di two stones wey Moses put inside for Mount Sinai

where God for make kovenant with en pipol Israel, afta dem kom out from Egypt.

*God Glory*

11 Den di priests komot from di Most Holy Place. All di priests wey dey
der don klean diasef, weda dem dey work dat day or not. 12 Levi pipol wey
dey play music na, Asaf, Heman, Jedutun and dia sons and brodas. All of
dem wear linen kon stand for di east side for di altar dey play cymbals,
lyres and harps. 120 priests wey dey blow trumpet, kon join dem too.
13 Doz wey dey blow trumpet and doz wey dey sing kon dey sing togeda
dey praiz and give God all di glory. With di trumpet, cymbals and oda
instruments, evribody kon dey shaut praiz God dey sey:

"God dey good!
En love and goodness,
na forever and ever!"

At wons, one kind tick kloud kon kover God Temple. 14 So, di priests nor
fit kontinue dia work again, bikos of di kloud and na God present with en
glory, kover di whole temple.

# 6

*Solomon Praiz God*

1 Den Solomon sey, "God don sey na inside tick darkness E dey stay. 2 But
naw my Oga God, I don build big temple for Yu; place where Yu go stay
forever!" 3 Den di king turn kon bless Israel pipol as dem stand for der.
4 E sey,

"Make all praiz bi di Oga wey bi Israel God own, bikos E don do wetin
E promise my papa David. 5 E tell David sey, 'Since di day I take my pipol
komot from Egypt, I nor choose any town from all di tribe for Israel wey
go build di temple wey I go stay or sey I choose one man as pesin wey
go lead my pipol Israel. 6 But naw, I don choose Jerusalem as di place
where I go stay and I don choose David make e lead my pipol.' 7 My
papa David really won build temple to honor di Oga wey bi Israel God.
8 But God tell am, 'E dey good as yu get am for mind to build temple to
take honor mi. 9 But, yu nor go build am; instead na yor own pikin go
build temple take honor mi.'

10 God don do wetin E promise. I don take-ova from my papa David
kon sidan for Israel throne, just as E promise. I don build dis temple to
honor di Oga wey bi Israel God 11 kon build place for di Kovenant Box
and na God make dis kovenant with Israel pipol."

12 Solomon stand for God altar for Israel pipol present kon spread en
hand. 13 E still make one blue stage for di middle. E long rish seven and
half fit and na so e wide rish too, but e high rish four and half fit. E klimb
di stage kon knee down for all di pipol front, den e raiz en hand go heaven
14 kon pray:

"Awa Oga wey bi Israel God, e nor get any god wey bi like Yu for
heaven or for dis eart! Yu dey show yor goodness to yor savant wey
dey obey and respet Yu. 15 Yu don do wetin Yu tell yor savant, my papa
David sey Yu go do; today-today Yu don do as Yu promise.

16 My Oga wey bi Israel God, make Yu do wetin Yu promise yor savant,
my papa David, wen Yu sey, 'Na yor shidren and shidren-shidren go dey
rule for Israel, so-far dem do wetin I tok kon obey my laws, just as Yu

obey mi.' [17] My Oga wey bi Israel God, make Yu keep di promise wey
Yu make to yor savant David.

[18] God nor dey really stay with human being for dis eart! Si, if di sky
and di heavens wey high pass nor rish Yu stay, den how dis temple go
take kontain Yu? [19] But my Oga God, make Yu ansa yor savant prayer
kon help am. Make Yu ansa dis prayer wey yor savant dey pray give Yu.
[20] Make Yu wosh ova dis temple both for nite and day, bikos Yu promise
sey Yu go stay here. Make Yu ansa di prayer wey yor savant dey pray
for dis place. [21] Make Yu listin to di prayers wey yor savant and Israel
pipol dey pray give Yu from dis place. Make Yu hear from where Yu dey
stay for heaven kon ansa well, den forgive us awa sins.

[22] Wen dem akuiz pesin sey e sin against en neighbour and dem bring
am kom dis temple make e swear, [23] make Yu listin from heaven kon
judge di kase. Make Yu ponish di pesin wey dey guilty, den free di one
wey dey innocent and make Yu reward di two of dem akordin to wetin
dem do.

[24] If Yu let enemies win yor pipol Israel, bikos of dia sin, den dem kon
turn kom meet Yu for dis temple sey make Yu forgive and help dem,
[25] make Yu listin to dem from heaven kon forgive yor pipol, den bring
dem kom back to di land wey Yu give dem and dia grand-grand papa.

[26] Time dey kom wen di sky go klose and rain nor go fall, bikos yor
pipol don sin against Yu. Wen ever dem face dis temple kon pray to Yu,
make Yu forgive dem as dem turn from dia sins kom meet Yu, bikos Yu
don ponish dem before. [27] Make yu listin from heaven kon forgive yor
savants wey bi yor pipol Israel. Den, Yu go tish dem di rite way wey bi
life kon make rain fall for yor land wey Yu give dem to stay.

[28] Time go kom wen honga go full di eart; diziz, trobol or lokust go dey
chop anytin wey dem si; dia enemies go set trap for dem for evriwhere
and some oda bad diziz and trobols go happen. [29] Wen yor pipol raiz dia
hand go heaven kon face dis temple as dem dey pray to Yu for help, bikos
dem dey sofa, [30] make Yu listin to dem from heaven; forgive dia sin kon
ansa each pesin akordin to wetin Yu tink sey dey en mind. (True-true,
na only Yu fit really know wetin pesin dey tink.) [31] Den, as dem dey for
dis land wey Yu give dia grand-grand papa, dem go honor and obey Yu
till dem die.

[32] Strenjas wey nor join yor pipol Israel, go kom from far place, bikos
of di respet wey pipol dey give Yu and bikos Yu get pawa to do evritin
wey Yu tok; dem go kom dis temple kon pray. [33] Make Yu listin to dem
from heaven kon ansa all di prayers wey di strenjas pray. Den all di
nashons for dis eart go know as Yu good rish kon obey Yu, just as yor
pipol Israel dey obey Yu. Den dem go know sey dis temple wey I build,
na yor own.

[34] Wen ever Yu sey make yor pipol go fight dia enemies and dem direct
dia prayers to Yu kon face dis town wey Yu choose and dis temple wey I
build to honor Yu, [35] make Yu listin to dia prayers for help from heaven
kon fight for dem.

[36] Di time dey kom wen yor pipol go sin against Yu (bikos e nor get who
nor dey sin!) and Yu go dey vex for dem kon give dem to dia enemies
wey go take dem go as prisonas for anoda land, weda e far or near.
[37] Wen yor pipol don know wetin dem do for dat land where dem for

bi prisonas, den, dem turn kom meet and dey beg make Yu forgive and
remove dem from di land where dem for bi prisonas, den dem go sey,
'Wi don sin and do anyhow! Wi don do wiked tin!' [38] Wen dem turn
kom meet Yu with all dia heart and mind for di land where dem for
dey sofa kon dey pray as dem face dis land wey Yu give dia grand-grand
papa and di town wey Yu choose with di temple wey I build to honor
Yu, [39] den make Yu listin to dia prayer for help from where Yu dey stay
for heaven. Make Yu sorry for dem; help and forgive yor pipol for all di
sins wey dem kommit.

[40] My God, make Yu dey listin and ansa all di prayers wey dem go pray
to Yu from dis place.

[41] My Oga God, make Yu and di box
wey dey show as yor pawa bi,
enter and stay dis temple forever!
Make yor priests si as Yu dey diliver pipol!
Make doz wey dey obey Yu happy
for di blessings and propaty wey Yu dey give!
[42] My God, make Yu nor rijet di pipol wey Yu choose!
Make Yu remember di promise wey Yu make give David, yor savant!"

# 7

### *Solomon Dedikate Di Temple*

[1] Wen Solomon don pray finish, fire kom down from heaven kon burn
di ofrin and di sakrifice, den God present kon full inside di temple. [2] Di
priests nor fit enter God Temple, bikos God present full der. [3] Wen evribody
for Israel si sey fire kom down and God present full di temple, dem knee
down kon face groun. Dem kon dey woship and tank God dey sey,
"True-true, God dey good;
en love wey nor dey fail,
go dey forever!"
[4] Di king and di pipol kon offa sakrifice give God. [5] King Solomon sakrifice
22,000 kattle and 120,000 sheep. Den en and all di pipol dedikate God
Temple. [6] Di priests stand for where dem put dem, plus all di Levi pipol
wey dey play music to take praiz God. (Dis na di tins wey King David make
to take give God tanks and David dey use dem wen ever e dey praiz God
sey, "True-true, yor love dey with us forever.") Di priest stand near Levi
pipol dey blow di trumpets, while evry oda tribe for Israel, stand dey praiz
God.

[7] Solomon santify di kourtyard centre wey dey God Temple front. Di
burnt sakrifice, di korn ofrin and di fat part for di peace ofrin, e offa dem
for der, bikos di bronze altar wey Solomon make, too small to kontain all
di ofrins.

[8] For dat time, Solomon and Israel pipol celebrate for seven days. Pipol
from Hamat for nort go rish Egypt wotaside for sout, still dey join dis
pipol too. [9] For di eight day, dem gada evribody togeda, bikos dem don
dedikate di altar for seven days kon celebrate for anoda seven days. [10] For
di twenty-third day for di sevent mont, Solomon kon tell all di pipol make
dem dey go dia house. Dem happy well-well as dem dey go, bikos of di
good tins wey God don do for David, Solomon and Israel pipol.

*God Tok To Solomon*

11 Afta Solomon don build God Temple, di royal palis and evritin wey e
plan for God Temple and en royal palis finish, 12 God appear to am for nite
kon sey:

"I don ansa yor prayers kon choose dis place as my temple where dem
go for dey make sakrifice.

13 Wen I klose di sky so dat rain nor go fall, or kommand lokust make
dem distroy di plant for di land, or kause betta wahala and diziz, 14 if
my pipol go honbol demsef kon pray to mi and turn from dia sins, I go
hear and ansa dem from heaven kon forgive dia sins, den heal dia land.
15 I go listin and ansa dia prayers wey dem go pray for dis place. 16 I don
choose and santify dis temple, so dat e go bi my permanent house; I go
always dey here.

17 Yu must serve mi, just as yor papa David do. Make yu do evritin wey
I kommand and obey my rules well-well. 18 Den I go make yor shidren
rule forever, just as I promise yor papa David sey, 'Yu go always get pikin
wey go rule ova my pipol, Israel.'

19 But if yor pipol turn from mi kon dey disobey di rules and kommand
wey I sey make dem keep and dem kon dey serve anoda god, 20 I go
remove dem from my land wey I give dem; I go forget dis temple wey I
santify with my present kon make pipol laf and fool dem among all di
nashon. 21 But for dis temple, wey bin dey good and okay, evribody wey
dey pass am go shok kon sey, 'Wetin make God do like dis to dis land
and dis temple?' 22 Odas go ansa sey, 'Na bikos dem nor obey di Oga wey
bi dia grand-grand papa God; di One wey take dem komot from Egypt.
Dem dey serve and woship oda god with all dia mind. Na dis make God
dey ponish dem like dis.' "

# 8

*Solomon Reward*

1 Twenty years afta Solomon don build God Temple and en royal palis,
2 e ribuild di town wey Hiram gi-am kon put Israel pipol for der. 3 E go
Hamat-Zoba kon seize am. 4 E build Tadmor for di wildaness and all di
towns wey dem for dey keep tins wey E build for Hamat. 5 Di Uppa Bet-
Horon and di Lowa Bet-Horon, Solomon make di towns strong with walls
and iron gates 6 and e build Baalat. Na en get all di towns where dem for
dey keep tins, plus di town where dem keep shariot and ordinary horse
put. E build anytin wey e wont for Jerusalem, Lebanon and evriwhere for
en kingdom.

7 For dis time, many pipol wey nor bi Israel pipol still dey di land afta
Joshua don win Hit, Amor, Periz, Hiv and Jebus pipol. 8 Dia shidren-shidren
still dey di land (Israel pipol nor fit porshu all of dem komot from di land).
So, Solomon kon use dem take dey do en work and na savant dem bi till
today. 9 Solomon nor give Israel pipol dis kind work, bikos na dem bi sojas,
ofisas, doz wey dey ride shariot and doz wey dey kommand di sojas. 10 Dis
pipol so, dey work for Solomon as supavisor; dem bi 250 wey dey supavise
dis pipol.

11 Solomon karry Fero dota from David Town go di palis wey e build for
am kon sey, "My wife nor go stay for di palis wey bi Israel king, David
own, bikos di place where di Kovenant Box enter, dey holy."

12 Den Solomon offa sakrifice give God on-top di altar wey e build for di
temple front. 13 E do evritin for di sakrifice, just as Moses tok about Sabat
Day, New Moon festival and di three celebrashon wey dem dey do wey bi:
Bread Wey No Get Yist Feast, Di Week Feast and Di Shelta Feast. 14 As en
papa David tok, Solomon choose difren priests to do difren tins. E choose
Levi pipol wey go dey lead woship and help di priest for dia work evriday
and doz wey dey guide di gate. Dis na wetin David, God savant tok. 15 Dem
do evritin wey di king orda koncerning di priest, Levi pipol and di propaty
dem.

16 All di work wey Solomon sey make dem do, rite from di day wey
dem lay di foundashon for God Temple until dem finish am, dem do all
komplete. So, dem kon finish all di work for God Temple.

17 Den Solomon go Ezion-Geber, before e kon go Elat wey dey Edom
wotaside. 18 Hiram send sheep and some pipol wey sabi kontrol sheep go
meet am. Men wey know how to drive for sea. Dem drive with Solomon
men go rish Ofir kon take 450 gold from der, den dem bring am kon give
King Solomon.

# 9

### *Sheba Kween*

1 Wen Sheba kween hear about Solomon, di woman kon go ask am
strong-strong kweshon. Di kween rish Jerusalem with many pipol and
many kamel wey karry spices, plenty gold and precious jewels. Wen di
kween meet Solomon, e tell am evritin wey e get for en mind. 2 Solomon
get ansa for all di kween kweshon; e nor get anytin wey dey too hard for
am to esplain give di kween. 3 Wen Sheba kween si di palis wey Solomon
build and how di king get sense rish, 4 di woman sopraiz well-well. Di
kween still sopraiz for di kind food wey dey di tabol; as Solomon ofisas
dey organize and di fine-fine klot wey dem wear; di pesin wey dey hold di
cup; dia garment and di burnt ofrin wey Solomon offa for God Temple.

5 Di kween tell Solomon, "Wetin I hear for my kountry about evritin wey
yu get and yor wisdom, na true! 6 I nor bilive wetin dem tok until I kom
here kom si dem with my own eyes. True-true, I neva even hear half of di
wisdom wey yu get! Wetin I dey si so, dem nor even tell mi rish half. 7 Yor
pipol go dey happy well-well o-o! Na betta honor for yor ofisas to stand
here evriday dey listin to yor wisdom! 8 Make wi praiz di Oga wey bi yor
God, bikos E like yu kon give yu dis en great kingdom. God love Israel and
en pipol and E wont make dis kingdom last forever. E don make yu king
ova dem, so dat yu go rule well and dey good with am."

9 Den di kween give di king gift wey bi 9,000 pound of gold, many spices
and precious jewels. E nor get any spices wey fine rish di ones wey Sheba
kween give King Solomon.

10 (Plus all dis ones, Hiram and Solomon savant buy gold from Ofir, plus
fine timba and precious jewels. 11 Di king use di timbas take make steps
for God Temple, en royal palis kon do instrument for doz wey dey play
music. For Judah land, nobody don ever si anytin like dat until dat time.)

12 Evritin wey Sheba kween ask for, King Solomon gi-am and wetin e
gi-am many pass wetin di kween bring kom. Den di kween kon go back to
en kountry with di men wey follow am kom.

*Solomon Propaty*

13 Solomon dey kollect 666 pound for gold evry year. 14 All dis nor dey
join di oda tins wey e dey get from doz wey dey buy and sell. All Arabia
kings and govnor from di aria, dey still bring gold and silva kon gi-am.

15 King Solomon make 200 big shield with gold; na 600 gold wey dem
melt for fire, dem take make each one. 16 E still make 300 small shield with
gold; na 300 gold wey dem melt for fire, dem take make each one. Di king
put dem for di palis for Lebanon Forest. 17 Di king make one big throne
wey dem design with ivory kon dekorate am with gold. 18 Di throne get six
steps and di place where dem go put leg on-top, na gold dem take do am.
Di throne get where dem go rest hand put for di two side and one image
like lion dey for di two side for di throne. 19 E still get twelf oda image
like lion for di six step; one lion for each end for di six step. E nor get
any oda throne for di world wey dem fit use take kompare dis one! 20 All
di cup wey king Solomon dey take drink wota or wine, na betta gold dem
take make dem, just like all di tins wey dey di palis for Lebanon Forest.
Dem nor make dem with silva, bikos wen Solomon dey rule, e nor si silva
as anytin! 21 Di king get many ship wey go Tarshish with Hiram savants.
Wons evry three years, di ship dey kom back with plenty gold, silva, ivory,
apes and peacocks.

22 So King Solomon kon get money well-well and wise pass any oda king
wey dey dis eart. 23 Kings from evriwhere dey kom meet am make dem
for hear from di wisdom wey God gi-am. 24 Evribody wey dey kom visit
Solomon, dey bring gift wey bi gold, silva, klot, war tins, spices, horse and
melu kom meet am.

25 Solomon get 4,000 place where e dey keep en shariot and ordinary
horse put and e get 12,000 horse. E keep dem for some towns wey e choose
and for Jerusalem town too. 26 E rule all di kingdoms from Eufrates River
go rish Filistia pipol land and e still rish di borda for Egypt side. 27 Di king
make silva plenty for Jerusalem like san-san. Cedar wood plenty, just as
sikamore fig tree plenty for di low lands. 28 Solomon buy en horse dem
from Egypt and many difren kountries.

29 Di remainin tins wey Solomon do, from biginnin go rish di end, dem
rite dem put for di book wey Profet Natan rite; plus Ahijah for Shiloh
profesy; Iddo wey dey si vishon and di vishon about Jeroboam wey bi
Nebat pikin. 30 E rule Israel pipol from Jerusalem for forty years. 31 Wen
King Solomon die, dem beri am for David Town, bikos dem name di town
afta en papa, David. En pikin Rehoboam kon take-ova as king.

## 10

1 Rehoboam travel go Shekem, bikos Israel pipol don gada for der to
make am dia king. 2 Nebat pikin, Jeroboam wey run from Solomon go
hide for Egypt, still dey stay der wen e hear dis tin. 3 Dem kon send pesin
go koll Jeroboam kom and all of dem go meet Rehoboam kon tell am, 4 "Yor
papa, Solomon wiked us kon make us dey do hard work. If yu sorry for
us kon komot dis heavy load for awa head, wi promise sey wi go respet
yu forever."

5 Rehoboam ansa, "Afta three days, make una kom back and I go give
una my ansa." So, dem kon go.

6 King Rehoboam ask di old men wey bin dey advise Solomon sey, “Wetin
una wont make I tell dis pipol?”
7 Dem ansa am, “If yu wont make dis pipol serve yu well; give dem ansa
wey dem go like and dem go use all dia heart serve yu forever.”
8 But King Rehoboam nor listin to dem, instead e go ask di yong men
wey bi en mate, 9 “Wetin una wont make I do? Wetin I go tell dis pipol
wey sey make I sorry for dem?”
10 Dem ansa, “Make yu tell dem, ‘I hard pass my papa, Solomon!’ 11 Yu
go still tell dem, ‘My papa give una hard work do, but I go make di work
hard well-well. Na ordinary kane e take flog una, but na koboko I go take
dey flog una!’ ”
12 Afta three days, Jeroboam and di pipol go meet King Rehoboam, just
as e tell dem. 13 Di king nor listin to di old pipol advise, instead e tok to
dem anyhow, just 14 as di yong men advise am. E sey, “My papa give una
hard work, but I go make una work hard well-well. My papa dey flog una
with ordinary kane, but I go flog una with koboko!” 15 Dis na how God
wont make e bi, so dat wetin E tell Profet Ahijah for Shiloh sey make e tell
Nebat pikin, Jeroboam, go fit happen and na dis make di king nor listin to
di pipol.
16 Wen di pipol si sey di king nor won listin to dem, dem kon bigin shaut,
“Make David and en family get out!
Wetin dem don do for us before?
Israel pipol; make wi dey go house!
Make King Rehoboam kare for ensef!”
So Israel pipol bigin argue among diasef 17 kon waka leave Rehoboam
make e bi king to only doz wey dey Judah aria.
18 So King Rehoboam send Adoniram wey bi di workers oga go meet
Israel pipol, but dem stone am die and wen King Rehoboam hear wetin
happen, e kwik-kwik enter en shariot kon run go Jerusalem. 19 And na
since den Israel pipol for nort bigin fight against David kingdom.

# 11

1 Wen Rehoboam rish Jerusalem, e koll 180,000 strong sojas from Judah
and Benjamin tribe sey make dem go fight Israel tribe wey dey di nort
side.
2 But God tell Profet Shemaya sey, 3 “Make yu go tell Rehoboam, Judah
and Benjamin pipol sey: 4 ‘Make una nor attack una own brodas wey
bi Israel pipol, but make all of una dey go una house, bikos evritin dey
happen, just as I wont am.’ ” So all of dem obey God kon go dia house.
5 King Rehoboam for Jerusalem guide and build wall round dis towns for
Judah: 6 Betlehem, Etam, Tekoa, 7 Bet-Zur, Soko, Adullam, 8 Gat, Maresha,
Zif, 9 Adoraim, Lakish, Azeka, 10 Zorah, Aijalon and Hebron. Na dis towns
dem guide well-well for Judah and Benjamin. 11 E guide dis towns well-
well kon put ofisas der with store wey dem put food, olive oil and wine.
12 Shield and spear dey for evry town. E make dis town strong well-well.
Na-im get Judah and Benjamin.
13 Di priest and Levi pipol wey dey Israel, still dey support am no matter
where dem dey stay. 14 Levi pipol leave all dia propaty and betta land kon
kom Judah and Jerusalem, bikos Jeroboam with en shidren nor gri make
dem serve as God priest. 15 King Jeroboam appoint en own priest dem to

dey serve for di woship place and for di juju altar wey e make. 16 All di
pipol for Israel wey won woship Israel God follow dem go Jerusalem go
sakrifice give dia grand-grand papa God. 17 Dem support Judah kon obey
Solomon pikin, King Rehoboam for three years. Dem follow David and
Solomon laws for three years.

18 King Rehoboam marry Mahalat wey David pikin, Jerimot born and
en mama na Abihail wey Jesse pikin, Eliab born. 19 Dem born three sons:
Jeush, Shemaraya and Zaham. 20 King Rehoboam still marry Maaka, wey bi
Absalom pikin and dem born four sons: Abijah, Attai, Ziza and Shelomit.
21 All Rehoboam wife na eighteen and en girl-friends na sixty. E born
twenty-eight sons and sixty dotas. Na Absalom pikin, Maaka e like pass
among en wifes and girl-friends 22 and na Maaka pikin Abijah, e like pass
among di oda shidren. So e kon choose Abijah as king afta am. 23 E use
sense put en sons as leaders for Judah and Benjamin aria and oda towns
wey dem dey guide well-well. E dey give dem evritin kon marry many
wifes for dem.

# 12

1 Wen Rehoboam dey rule and don get pawa well-well, en and Israel
pipol kon rijet God law. 2 Bikos dem nor dey follow God law again, for
di fift year wey Rehoboam dey rule, King Shishak for Egypt kon attack
Jerusalem. 3 King Shishak bring 1,200 shariot, 60,000 horse-men and many
sojas follow am kom from Egypt, Libya, Sukk and Kush. 4 E seize Judah
town wey dem fence well-well kon mash face Jerusalem.

5 Profet Shemaya visit Rehoboam and Judah leaders wey gada for
Jerusalem, bikos of Shishak kon tell dem sey, "Dis na wetin God tok: 'Una
don rijet mi, so I go rijet and give una to Shishak.' "

6 Israel leaders and di king honbol demsef kon sey, "Na di korrect tin
God dey do so o-o."

7 Wen God si sey dem don turn kom meet am, E kon tell Profet Shemaya
sey, "Dem don honbol demsef, so I nor go distroy dem again. I go soon
diliver dem. I nor go use Shishak take show Jerusalem pipol as I dey vex
rish. 8 But Shishak go win dem, so dat dem go know di difren between to
serve mi or oda rulers."

9 King Shishak for Egypt attack Jerusalem kon karry all di good tins wey
dey di temple and di gold shield wey Solomon make. 10 King Rehoboam
make gold shield take replace dem kon put ofisas to guide di palis gate.
11 Anytime di king go di temple, di guards go karry di shields kom out, den
take dem go back to di guard-room wen di king don komot from di temple.

12 Afta Rehoboam honbol ensef, God nor vex distroy am again and evritin
kon dey progress for Judah.

13 King Rehoboam kingdom kon strong well-well for Jerusalem. E bi
forty-one years wen e start to rule and e rule for seventeen years from
Jerusalem, di town wey God choose among all Israel tribe as en house.
King Rehoboam mama kom from Ammon and en name na Naamah. 14 E
sin against God bikos e nor gri serve am with en whole heart.

15 Evry oda tin wey King Rehoboam do, dem rite am put for Profet
Shemaya and Profet Iddo history book. 16 Den Rehoboam die and dem
beri am for David Town. En pikin Abijah kon take-ova as king.

# 13

*Abijah And Jeroboam*

1 For eighteen years wen King Jeroboam dey rule, Abijah kon bi king for
Judah. 2 E rule three years from Jerusalem. Na Maaka wey bi Uriel dota
from Gibeah, born am.
War kon start between King Abijah and King Jeroboam. 3 Abijah attack
Jeroboam with 400,000 sojas and Jeroboam get 800,000 sojas.
4 Abijah klimb go Zemaraim mountin, for Efraim hill kountry kon shaut
sey: "Jeroboam with all Israel pipol, make una listin to mi! 5 Una nor know
sey di oga wey bi Israel God get agriment with David family sey, dem go
rule Israel forever? 6 Nebat pikin, Jeroboam fight against David pikin, King
Solomon wey bi en masta. 7 Leta e gada some yeye men wey tell and make
King Rehoboam do some yeye tins, bikos di king heart nor strong rish to
tell dem 'No'.
8 "Naw, yu won fight against di royal pawa wey God give David shidren-
shidren. Yu fit get plenty sojas and yu karry gold juju as yor god. 9 Shebi
yu porshu Levi pipol and God priest wey bi Aaron shidren-shidren? Yu
put doz wey nor suppose bi priest for dia place, just as oda nashons dey
do. Anybody wey kom with seven melu or seven ram fit bi priest for dat
fake juju wey yu koll god.
10 "But for us, na di Oga bi awa God and wi nor go ever rijet am. Na
Aaron shidren-shidren bi God priests and Levi pipol dey assist dem. 11 Dem
dey give God sakrifice wey get betta fine smell both for morning and
evening. Dem dey gi-am bread ofrin for klean tabol kon lite di lamp put
for di gold lampstand for evening. Wi dey do wetin God sey make wi do,
but una don rijet am. 12 Na God ensef dey lead us. En priest dey here won
blow trumpet, so dat wi go kon fight una. Israel pipol, make una nor fight
against una grand-grand papa God, bikos una nor go fit win."
13 But Jeroboam don send some men go attack Judah sojas from dia back.
Di real sojas dey for front, while Judah sojas dey for back. 14 Judah men
turn kon si sey dem dey attack dem both from front and back. Dem kry
to God for help and di priests blow dia trumpet. 15 Judah men and King
Abijah wey dey lead dem kon shaut kry give God, so God kon help dem
win Jeroboam and Israel sojas. 16 Israel pipol run from Judah sojas and
God kon let Judah men win dem well-well. 17 Abijah with en sojas win
dem well-well, dem kill 500,000 strong Israel sojas.
18 So Judah men win Israel pipol, bikos dem trust and bilive dia grand-
grand papa God. 19 Abijah porshu Jeroboam and en sojas kon take Bethel,
Jeshanah and Efron. 20 Jeroboam nor ever get pawa again durin di time
wen Abijah dey rule. Afta, God kon kill Jeroboam.
21 Abijah get pawa well-well, e get fourteen wifes, twenty-two sons and
sixteen dotas.
22 Di remainin tins wey King Abijah tok and do, dem rite dem put for
Profet Iddo book.

# 14

*Asa Bi King*

1 King Abijah die and dem beri am for David Town. En pikin Asa kon
take-ova as king. Wen Asa dey rule, di land get peace for ten years.

2 King Asa do evritin wey God wont. 3 E remove di juju altars kon skata
dia stone, den e distroy Asherah juju pole. 4 E kommand Judah pipol make
dem dey obey dia grand-grand papa God. 5 Judah town get peace, bikos di
king skata all di place and altar where dem for dey serve juju. 6 E build
many towns wey dem protet well for Judah and for many years, dem nor
fight war, bikos God don give dem peace.
7 Di king tell Judah pipol, "Make wi build wall round dis town kon put
towa and strong gate. Di land na awa own, bikos wi dey always obey and
do wetin God wont." So, dem kon build di towns and evritin kon dey go
well for dem.
8 King Asa get 300,000 sojas from Judah wey karry shield and spear. E
still get 280,000 strong men from Benjamin and dem still karry shield and
spear.
9 Zera wey kom from Kush attack dem with 1,000,000 sojas and 300
shariot. E go Maresha, 10 where King Asa for shalenge am. Dem gada
to fight for Zefata Valley near Maresha.
11 King Asa pray to di Oga wey bi en God sey, "My Oga God! Na Yu dey
make weak pipol strong. Wi dey go fight dis many sojas, bikos wi bilive
sey Yu go help us."
12 God kon help Asa and Judah pipol and dem kill Kush sojas, while di
remainin ones kon run. 13 King Asa with en sojas porshu dem rish Gerar.
Dem kill many Kush sojas, bikos dem nor fit fight again. Den Judah men
kon karry dia propaty. 14 Dem win all di towns near Gerar, bikos God
make dis towns run with fear. Judah men karry dia propaty go house,
bikos di propaty for di towns many well-well. 15 Dem still attack doz wey
dey keep animals for di towns kon karry many sheep and kamel go back
to Jerusalem.

# 15

1 God Spirit enter Zabud wey bi Oded pikin. 2 E go meet King Asa kon
tell am, "King Asa, Judah and Benjamin tribe, make una listin to mi! As
long as una dey obey God, E go always dey with una. If una koll am, E
go ansa una, but if una rijet am, E go rijet una too. 3 For sometaim naw,
Israel pipol nor get di true God or priest wey go tell dem di law or wetin
to do. 4 Bikos of dia sofa, dem kon turn go meet Israel God. Dem find am
until dem si am. 5 For dat time, nobody fit travel as e like, bikos trobol dey
evriwhere for di land. 6 One town dey opress anoda town; nashon dey
opress nashon, bikos na so God wont am. 7 But as for una, make una dey
strong and nor fear, bikos God go reward una work."
8 Wen King Asa hear dis word and wetin Profet Oded tok, en heart kon
strong. E distroy all di juju for Judah and Benjamin land and for all di
towns wey e take from Efraim hill. So e ripair God altar wey dey di temple
front.
9 E gada all Judah and Benjamin pipol, plus di pipol wey dey for Efraim,
Manasseh and Simeon tribe wey dey with am. Many pipol from Israel kom
stay der wen dem si sey di Oga God dey with am.
10 For fifteen years wen Asa don bi king, dem kon gada for Jerusalem
for di third mont. 11 Dat time, dem offa some tins wey dem karry from
war as sakrifice give God and na 700 melu head and 7,000 sheep, dem use.
12 Dem gri sey na only di Oga wey bi dia grand-grand papa God, dem go

serve with dia whole heart. 13 Dem kon kill both yong and old; boys or
girls wey nor gri serve God. 14 Dem promise sey dem go serve God kon dey
blow trumpet to show sey dem mean wetin dem dey tok. 15 Judah pipol
happy, bikos dem make dis promise with all dia heart. Dem find God with
dia heart and E hear dia kry kon save dem.

16 King Asa remove en grand-mama, Maaka from en pozishon as kween
mama, bikos e make Asherah en juju. King Asa kut di juju kon burn am to
pieces for Kidron Valley. 17 Even doh Asa nor skata all di juju for di land,
e obey God till e die. 18 E put all di tins wey Abijah en papa, dedikate give
God for di temple, with di gold and silva.

### *Asa Fail*

19 War nor kon dey again until di thirty-fift years wen Asa dey rule.

# 16

1 For thirty-six years wen Asa dey rule for Judah, King Baasha for Israel
kon attack Judah. E put sojas for Rama, so dat nobody go enter or komot
from di town.

2 King Asa take all di silva and gold wey dey di temple and di royal palis
kon send dem with message go give King Ben-Hadad for Siria, wey dey
rule Damaskus sey: 3 "I won enter agriment with yu as awa papa do. I
don send silva and gold kon give yu. So make yu break yor agriment with
King Baasha for Israel, so dat e go komot from my land."

4 King Ben-Hadad gri with wetin King Asa tok, so e send en sojas go attack
Israel towns. Dem win Ijon, Dan, Abel-Maim and all di towns where Naftali
pipol dey keep tins put. 5 Wen King Baasha hear di news, e karry en sojas
kon komot from Rama. 6 King Asa orda Judah men sey make dem karry
di stones and wood wey Baasha take block Rama komot. E kon use dem
take build Gibeah and Mizpa.

7 For dat time, Profet Hanani visit King Asa for Judah kon tell am: "Bikos
yu bilive Siria king pass God, yu nor go fit win Siria sojas again. 8 Kush
and Libya pipol nor get plenty sojas, shariot and many men wey dey ride
horse for dem? But wen yu trust God, E kon give dem to yu. 9 E klear sey
na God dey wosh di whole world and E dey ready to give pawa to doz wey
trust am. Yu nor use sense for dis matter, so from naw go, na so-so war
yu go dey fight."

10 Asa vex well-well for di profet, so e kon put am for prison. Dat time,
King Asa still vex opress some pipol.

### *King Asa Die*

11 All di tins wey happen wen King Asa dey rule, dem rite dem put for
Judah and Israel kings history book. 12 For thirty-nine years wen King Asa
dey rule, e kon get diziz for leg. Even doh di sickness dey worse well-well,
Asa nor gri pray to God at-all, instead e kon dey go meet difren doctors.
13 King Asa die for di forty-first year wey e bi king. 14 Dem beri am for en
own grave for David Town. Dem pour spices and betta oil for en body kon
make and burn big fire to take honor am.

# 17

1 Asa pikin, Jehoshafat kon take-ova as king. 2 E pak sojas full Judah
towns kon send some go difren place for Judah land and for Efraim towns
wey en papa seize.

3 God bin dey with Jehoshafat wen e start to rule, bikos e dey obey God
like David en grand-grand papa. E nor gri serve juju, 4 instead e serve and
obey en grand-grand papa God. E nor do like Israel pipol. 5 Bikos God
guide en kingdom, Israel pipol kon take gift go give Jehoshafat, so e get
enough money and pipol kon dey respet am. 6 E like to obey God and e
skata evriwhere wey dem for dey woship Asherah juju for Judah.

7 For di third year wen e dey rule, e send Ben-Hail, Obadaya, Zekaraya,
Netanel and Mikaya wey bi en ofisas go tish pipol for Judah towns.
8 Shemaya, Netanaya, Zebadaya, Asahel, Shemiramot, Jonatan, Adonijah,
Tobijah and Tob-Adonijah wey kom from Levi tribe and Priest Elishama
with Priest Jehoram, still follow dem. 9 Dem dey tish Judah pipol from di
book wey God law dey. Dem travel go all di towns for Judah dey tish di
pipol.

10 God put fear for all di kingdom wey near Judah and dem nor fight
with King Jehoshafat at-all. 11 Some Filistia pipol bring many silva and
gold as gifts kon give Jehoshafat. Arab pipol bring 7,700 rams and 7,700
goats from dia animals kon gi-am.

12 Jehoshafat kon dey get pawa more-more. E build big-big house and
towns full Judah. 13 E get many tins wey e store for Judah town kon keep
many sojas for Jerusalem. 14 Na like dis dem take divide dia families:

dem get 1,000 ofisas from Judah.

Adnah wey bi kommander, dey lead 300,000 strong sojas.

15 Jehohanan wey bi kommander, dey lead 280,000

16 and Amasaya wey bi Zikri pikin wey sey e go serve God, dey lead
200,000 strong sojas wey get skill.

17 From Benjamin family:

Eliada wey bi strong soja dey lead 200,000 men wey karry bow and
shield,

18 while Jehozabad dey lead 180,000 strong sojas.

19 Na dis ones serve di king, apart from doz wey di king put for di strong
towns for Judah.

# 18

1 Afta King Jehoshafat get money kon popula well-well, e sey make one
pesin for en family marry from King Ahab family for Israel. 2 Afta some
years, Jehoshafat travel go meet King Ahab for Samaria. King Ahab kill
many sheep and melu as respet for King Jehoshafat with en men wey kom
visit am. E beg King Jehoshafat make e join am attack Ramot pipol for
Gilead town. 3 King Ahab ask King Jehoshafat, “Yu go follow mi go attack
Ramot Gilead?”

Jehoshafat ansa, “Mi and my sojas dey ready, if yu ready. 4 But make wi
ask God first.”

5 So King Ahab koll almost 400 profets kon ask dem, “Make I go attack
Ramot Gilead or not?”

Dem ansa, “Make yu go attack am, bikos God go make yu win.”

6 But King Jehoshafat ask, “E nor get anoda profet wey wi fit use take ask God?”

7 King Ahab ansa, “E get anoda one, en name na Mikaya wey Imlah born. But I hate am, bikos e nor dey profesai anytin wey dey good give mi, na only bad tin e dey tell mi.”

King Jehoshafat kon sey, “Make yu nor tok like dat!”

8 Den King Ahab koll di offisa for di kourt kon sey make e go bring Profet Mikaya kom.

9 Di two kings wear dia royal robes kon sidan for dia thrones for di
gardins for Samaria gate and all di profets bigin profesai for dem. 10 One
among dem wey en name na Kenaana wey Zedekaya born kon use iron make horn, den e tell King Ahab, “Dis na wetin God tok, ‘Na dis tin yu go take fight Siria pipol kon win dem finish.’ ”

11 All di oda profets tok di same tin sey, “Make yu go fight for Ramot Gilead and yu go win dem, bikos God go give yu viktory.”

12 Di ofisas wey go koll Mikaya, tell am, “All di oda profets don profesai viktory give di king. So make yu do di same tin.”

13 But Profet Mikaya ansa, “I promise una with God wey dey alive sey, I go tok wetin God sey make I tok!”

14 Wen Profet Mikaya rish where King Ahab dey, di king ask am, “Profet Mikaya, Make mi and King Jehoshafat go attack Ramot Gilead or make wi nor go?”

Mikaya ansa, “Make una go attack am, bikos God go give una viktory.”

15 But King Ahab ask am, “How many times I go tell yu sey, if yu dey tok to mi with God name, make yu dey tell mi di trut?”

16 Mikaya ansa, “I si Israel soja wey skata for evriwhere for di hill like sheep wey nor get who dey kare for dem. And God sey, ‘Dis men nor get leader, make dem go house with peace.’ ”

17 King Ahab tell King Jehoshafat, “I nor tell yu sey e nor dey profesai anytin wey dey good for mi? Na only bad tin e dey profesai for mi!”

18 Mikaaya still sey, “Make yu listin to wetin God tok! I si God sidan for
en throne for heaven with all en angels as dem stand round am. 19 Den
God ask, ‘Na who go-go deceive King Ahab, so dat dem go kill-am for Ramot Gilead?’

“Di angels kon dey tok difren tins, 20 until one spirit kom out kon tell God, ‘I go-go deceive am.’

21 “God ask, ‘How yu wont take deceive am?’

“Di spirit ansa, ‘I go make all di profets lie for Ahab.’

“God kon sey, ‘Make yu go deceive am, bikos e go hear yu.’ ”

22 Profet Mikaaya still sey, “Dis na how God wont make e bi. God don make dis profets lie to yu, bikos en ensef don sey, yu go si wahala!”

23 Den Profet Zedekaya wey bi Kenaana pikin, waka kom meet and slap Mikaya, den e ask am, “Since wen God Spirit leave mi kon dey tok to only yu?”

24 Mikaya ansa, “Wen yu go don hide inside yor room, den yu go know di trut.”

25 King Ahab kon orda sey, “Make una arrest and karry Mikaya go Amon
wey bi di main town where Prince Joash bi govnor. 26 Una go tell dem make
dem put am for prison kon gi-am bread and wota till I go kom back.”

27 Mikaya ansa, “If yu kom back alive, den God nor tok thru mi!” E still sey, “Make all of una listin to wetin I don tok!”

### *Ahab Die*

28 Den King Ahab for Israel and King Jehoshafat for Judah kon go attack
Ramot town for Gilead. 29 King Ahab tell King Jehoshafat, "As wi dey go
di war so, I go shange mysef, but make yu wear yor royal robe." So Israel
king shange kon go di war.
30 Siria king don kommand en kommanders wey dey use shariot sey
make dem nor attack anybody escept Israel king. 31 So wen dem si King
Jehoshafat, all of dem tink sey na Israel king bi dat, so dem bigin attack
am. But King Jehoshafat shaut and God help am. 32 Den Ramot sojas kon
know sey e nor bi Israel king, so dem stop to attack am.
33 Leta, one Siria soja shot en arrow kon shuk King Ahab for belle. King
Ahab tell di man wey dey ride en horse sey, "Dem don wound mi! Make
yu turn komot for here!" 34 As dem dey fight thru-out dat day, di king just
sleep for en shariot face Siria pipol. For evening wen sun don go down, di
king kon die.

## 19

1 Wen King Jehoshafat for Judah rish en house for Jerusalem, 2 Profet
Jehu wey bi Hanani pikin go meet di king kon sey, "E dey good make wi
help and follow wiked pipol wey hate God? Wetin yu do so, don make God
dey vex for yu. 3 But yu don still do some good tins before. Yu remove
Asherah juju from di town and yu really won follow God."

### *Judge*

4 As Jehoshafat dey stay for Jerusalem, e dey follow di pipol travel from
Beersheba go di hill kountry for Efraim and e dey advise dem make dem
follow dia grand-grand papa God. 5 E put judge for all di land for Judah
towns wey dem dey guide. 6 King Jehoshafat tell di judge dem, "Make una
dey kareful for wetin una dey do, bikos una nor dey judge for men, but
na for God wey go dey with una wen una dey make decision. 7 Make una
respet God as una dey take decision, bikos di Oga wey bi awa God nor dey
like wayo, bribe or anyhow tins."
8 For Jerusalem, King Jehoshafat put some Levi pipol, priest and some
Israel family for Israel as God judge and to dey setol wahala. 9 E kommand
dem sey, "Make una get respet for God as una dey do una work with klean
heart. 10 Wen ever una kountry man kon ripot matter give una (weda e
koncern pesin wey dem kill or about di law and kommandments), make
una warn dem sey make dem nor sin against God. If una nor do like dat,
God go vex for una and doz wey dey work with una, but if una obey am,
una go dey free.
11 "Any matter wey koncern di king, una go ripot to Amaraya wey bi di
shief priest and Ishmael pikin, Zebadaya wey dey lead Judah family. Levi
pipol go bi una ofisas. Make una do una work well! Make God dey with
doz wey dey do well!"

## 20

### *War With Edom Pipol*

1 Afta, Moab and Ammon pipol with some pipol from Meun kon attack
Jehoshafat.

2 Some messenjas go tell Jehoshafat sey, “Plenty sojas dey attack yor
town from di oda side for di Dead Sea for Edom side, for Hazezon Tamar
wey bi En-Gedi.” 3 Jehoshafat kon dey fear, so e go meet God. E kommand
evribody for Judah sey make dem fast. 4 Judah pipol from difren town
gada togeda kom sey make God help dem.

5 King Jehoshafat stand for where Judah and Jerusalem pipol gada put
for di kourtyard front, wey dey God Temple 6 kon pray:

“My Oga wey bi awa grand-grand papa God, na Yu bi God wey dey
for heaven and na Yu dey rule di whole world. Na Yu get all pawa
and nobody fit stand against Yu. 7 Awa Oga God, Yu porshu doz wey
dey dis land before kon gi-am to yor friend Abraham and en shidren-
shidren Israel, wey bi yor pipol. 8 Dem stay di town kon build temple
put as respet for Yu sey, 9 ‘If wahala kom meet us like sojas attack us,
judgement, sickness or sey food nor dey, wi go kry kon meet Yu with
awa pain, so dat Yu go hear and diliver us.’

10 Naw, Ammon, Moab and pipol for Mount Seir dey kom! Wen Israel
pipol komot from Egypt, Yu nor gri make dem fight dis pipol. Dem just
pass and dem nor tosh dem. 11 But naw, make Yu si how dem dey pay
us back. Dem dey kom drive us komot from awa land wey Yu give us!
12 Awa Oga God, Yu nor go judge dem? Wi nor get pawa rish dis plenty
sojas wey dey kom attack us so o-o. Wi nor know wetin wi go do, so wi
kom meet Yu make Yu help us.”

13 All di men for Judah, dia wifes and shidren kon stand for God front.

14 Den Zekaraya wey Benaya born, God Spirit kon enter en pikin Jahaziel,
for all di pipol present. Na Jeiel wey Matanaya born bi Benaya papa. Dem
bi Levi pipol from Asaf family.

15 Jahaziel kon sey, “Judah pipol and doz wey dey stay for Jerusalem
with Jehoshafat, make una listin! Dis na wetin God dey tok, ‘Make una
nor fear, bikos of dis plenty sojas! Bikos di fight nor bi una own, but na
God go fight am.’ 16 Make una go fight dem tumoro as dem dey kom Ziz.
Una go si dem for one small river for Jeruel Desert front. 17 Una nor go
fight for dis war. Make una just stand kon si how God go diliver una wey
bi Judah and Jerusalem pipol. Make una nor fear, make una go fight dem
tumoro, bikos God dey with una.”

18 King Jehoshafat kon bow and Judah pipol with doz wey dey stay
Jerusalem, bow woship God. 19 Den some Levi pipol wey kom from Kohat
and Korah get up kon shaut dey praiz God.

20 Di next day for early morning, dem mash go Tekoa Desert. Wen dem
don ready to move, Jehoshafat kon stand sey: “Make una listin, una wey
bi Judah pipol and doz wey dey stay for Jerusalem! Make una trust di Oga
una God and E go save una! Make una trust en profet words and una go
win.” 21 Jehoshafat go meet en pipol kon choose doz wey go dey sing and
praiz God wey dey holy. As dem dey mash go meet di sojas, dem kon dey
sey,

“Make wi tank God,
bikos en love na forever and ever.”

22 As dem dey sing, na wons God attack Ammon, Moab and di men from
Mount Seir wey dey kom fight Judah pipol, so Judah men win all of dem.
23 Ammon and Moab men attack di men wey kom from Mount Seir kon
distroy dem. Wen dem kill Seir men finish, dem kon start to kill demsef.

24 Wen Judah men rish di war front for di desert, na only dead body,
dem si for groun. 25 King Jehoshafat with en men kon go pak di sojas tins.
Dem pak dia klot and many oda betta tins. E take dem like three days to
pak all di tins, bikos dem plenty well-well. 26 For di fourt day, dem gada
go Beraca Valley kon praiz God for der. Na Beraca Valley dem dey koll dat
place till today.
27 All di men for Judah and Jerusalem kon dey happy as dem dey go
Jerusalem and na Jehoshafat dey lead dem. God don give dem viktory ova
dia enemies. 28 Dem enter Jerusalem with trumpet and oda tins wey dem
take dey sing kon dey happy and dance go God Temple.
29 All di oda kingdom wey near dem kon dey fear God wen dem hear as
E fight Israel pipol enemies. 30 So, Jehoshafat kon get peace, bikos God dey
protet am for evry side.

### *King Jehoshafat Die*

31 King Jehoshafat reign for Judah. E bi thirty-five years wen e start to
rule and e rule for twenty-five years from Jerusalem. En mama na Azuba
wey bi Shilhi pikin. 32 E follow wetin Asa en papa do and e dey kareful and
dey do only wetin God wont. 33 But e nor still skata all di place where dem
for dey serve juju and di pipol nor use all dia mind serve dia grand-grand
papa God.
34 Di remainin tins wey Jehoshafat do from biginnin go rish end, dem
rite am for Hanani pikin, Profet Jehu book kon put am join Israel kings
history book.
35 Leta, King Jehoshafat make friend with King Ahazaya for Israel wey
do many wiked tins. 36 Dem agri to make ship wen dem go take travel
go Tarshish and dem make di ship for Ezion-Geber. 37 Dodavahu pikin
Elieza from Maresha kon tok against King Jehoshafat sey, "Bikos yu enter
agriment with King Ahazaya, God go skata wetin yu don make." Di ship
sink and e nor fit go Tarshish again.

# 21

1 Jehoshafat die and dem beri am with en grand-grand papa dem for
David Town. En pikin Jehoram kon take-ova as king.

### *Jehoram Rule*

2 Jehoram brodas na Zabud, Jehiel, Zekaraya, Azariahu, Mikael and
Shefataya. All of dem na King Jehoshafat pikin. 3 Dia papa give dem gold,
silva and many oda good tins with towns for Judah wey dem guide well,
but e give di kingdom to Jehoram, bikos na-im bi di first pikin.
4 Jehoram kontrol en papa kingdom kon get pawa well-well. Den e kill
all en brodas and some ofisas for Israel. 5 Jehoram na thirty-two years
wen e start to rule and e rule rish eight years from Jerusalem. 6 E follow
Israel king footstep just as Ahab rule. E marry Ahab pikin kon do wiked
tins for God present. 7 But God nor won distroy David kingdom, bikos E
promise am sey en kingdom go dey forever.
8 Wen Jehoram dey rule, Edom pipol free diasef from Judah kontrol and
dem kon choose king for demsef. 9 Jehoram cross go Zair with en ofisas
and all en shariot. Edom pipol wey dey near am kon attack and win en
with en ofisas for nite. 10 Na dis make Edom pipol dey free from Judah
pawa kon rish naw.

For dat same time, Libnah still fight free demsef from Judah pawa, bikos
King Jehoram rijet en papa God. 11 E still build juju place for Judah hills,
den Jerusalem and Judah pipol nor kon dey obey di Oga dia God.
12 King Jehoram receive dis leta from Profet Elijah:

"Dis na wetin yor grand-grand papa, David God tok: yu nor follow
Jehoshafat yor papa and King Asa for Judah footstep, 13 instead, yu dey
sin like Israel kings. Yu make Judah pipol and doz wey dey stay for
Jerusalem turn from God, just as Ahab family do for Israel. Yu still kill
yor brodas and yor papa family wey betta pass yu. 14 So, God go send
sickness kom meet yor pipol, yor sons, yor wifes and evribody wey bi
yor own. 15 Yu go get sirious diziz wey go make yor intestine swell-up."

16 God make some Filistia and Arab pipol wey dey stay near di river go
fight war with King Jehoram. 17 Dem attack Judah kon karry evritin wey
dem si for di palis; plus di king sons, en wifes, but dem leave en yongest
son, Ahazaya.
18 Wen all dis tins don happen, God kon ponish am with betta diziz for
intestine and nobody fit heal am. 19 Afta two years, en intestine swell-up
well-well and e kon die with pain. En pipol nor make big fire take beri
am, just as dem beri en grand-grand papa dem.
20 King Jehoram na thirty-two years wen e bi king and e rule for eight
years from Jerusalem. En deat nor pain anybody at-all and dem beri am
for David Town, but nor bi for di royal beri groun.

# 22

### *Ahazaya Rule Judah*

1 Pipol wey dey stay Jerusalem kon make Jehoram yongest pikin king,
bikos Arab pipol wey skata di town kill all di oda shidren. So Ahazaya wey
bi Jeroham pikin kon bi king for Judah.
2 Ahazaya na twenty-two years wen e start to rule and e rule for one
year from Jerusalem. Na Atalaya wey Omri born bi en mama.
3 E sin like King Ahab, bikos of di wiked advise wey en mama dey gi-
am. 4 E do bad-bad tins for God eye just like Ahab, bikos wen en papa die,
di pipol wey dey gi-am advise kon make am sin well-well. 5 E follow dia
advise kon go join Ahab son, King Joram for Israel. Dem go fight against
King Hazael for Ramot Gilead wey dey Siria and Siria pipol win King Joram
and en men. 6 Ahab pikin, King Joram go Jezrel go heal di wound wey e
get for Rama wen dem dey fight against King Hazael for Siria and Jehoram
pikin, King Ahazaya kon go visit am.
7 God kon make Ahazaya kingdom skata, bikos e go visit Joram. Wen
Ahazaya rish der, e kon follow Joram go meet Nimshi pikin, Jehu wey God
choose to take distroy Ahab family. 8 As Jehu dey distroy Ahab family, e
kon si Judah pipol ofisas, Ahazaya sons and en relashon wey dey serve
am. So Jehu kill all of dem. 9 Dem find Ahazaya until dem si am for where
e hide for Samaria. Dem bring am kon give Jehu and e kill-am. Dem just
beri en body, bikos dem dey respet en grand-papa, King Jehoshafat, wey
use all en mind take serve God. E nor get anybody for Ahazaya family wey
remain to rule as king.

### *Kween Atalaya Die*

10 Wen Ahazaya mama, Atalaya, si sey en pikin don die, e kon sey e must
skata di whole Judah king family. 11 Jehoshabeat wey bi King Jehoram dota,
karry Ahazaya son Joash run komot from di place where dem for won kill
di king family. E hide am with one nurse for one room, so dat Atalaya nor
go si or kill-am. Na dis Jehoshabeat bi Priest Jehoiada wife. 12 Dem hide
am for God Temple for six years wen Atalaya dey rule di land.

# 23

1 For di sevent year, Priest Jehoiada kon make plan with five sojas wey
bi: Zabud wey Jeroham born, Ishmael wey bi Jehohanan pikin, Zabud wey
Obed born, Maaseaya wey bi Adaya pikin and Elishafat wey Zikri born.
2 Dem travel go Judah kon gada Levi pipol wey dey di towns with Israel
pipol family leaders kom Jerusalem. 3 All di pipol wey gada, kon make
kovenant with di king for God Temple.

Priest Jehoiada tell dem, "Di king pikin go rule as God promise dia family.
4 Dis na wetin una go do. Wen dem don divide di priest and Levi pipol
wey dey duty for Sabat Day, one part must dey wosh di door. 5 Anoda part
go stand for di palis gate and di oda part go dey di foundashon gate. All
di pipol wey remain go stand for di kourtyard for God Temple. 6 Make
nobody enter God Temple escept di priest and Levi pipol wey dey duty.
Dem fit enter bikos dia hand klean, but make di oda pipol dey outside.
7 Levi pipol must gada round di king and evribody go hold en weapon for
hand. Anybody wey won enter di temple, make una kill-am. Una must
follow di king go anywhere wey e dey go."

8 So Levi pipol and Judah men do as Priest Jehoiada tell dem. Di
kommander gada all di men wey dey duty and doz wey nor dey duty
for dat Sabat Day. 9 Priest Jehoiada give di sojas King David spears and
shields wey dey God Temple. 10 E put all di men for pozishon with dia
spear for dia hand. Dem line-up from di sout go rish nort for di temple
and dem stand near di altar for di temple kon gada round di king.

11 Priest Jehoiada and en sons lead di king pikin kom out with di crown
and king klot wey dem wear for en body. Dem make am king kon pour oil
for en head dey shaut, "Make di king live forever!"

12 Wen Atalaya hear di royal guards dey shaut and praiz di king, e kon
go where di pipol gada for di temple. 13 E si di king stand near di pila
for where dem take dey enter di temple. Di ofisas and doz wey dey blow
trumpet stand near di king and all di pipol for di land happy dey blow dia
trumpet. Doz wey dey sing, dey der with difren instrument as dem dey
lead di song. Atalaya tear en klot kon dey shaut, "Dis na wayo! Dis na
wayo!"

14 Priest Jehoiada koll di ofisas oga kon tell dem, "Make una karry am go
outside di temple kon gi-am to di guards. Make una kill anybody wey won
stop una." Di priest do like dis, bikos e nor wont make dem kill-am for
inside God Temple. 15 Dem seize Atalaya, karry am go di palis kon kill-am
for di horse gate.

16 Priest Jehoiada kon make kovenant sey en with all di pipol and di king
go dey obey God. 17 All di pipol kon go distroy di juju temple. Dem skata
di altar with all di juju wey dey inside. Dem kill Mattan wey bi Baal priest
for di altar front.

18 Priest Jehoiada put di priest and Levi pipol make dem dey work for di
temple. E sey make dem do di duty wey King David give dem and burn di
sakrifice wey dem give God with joy kon dey play music, just as dem rite
am for Moses Law. 19 Priest Jehoiada still put guards for God temple gate,
so dat doz wey dey plan bad tin against di king, nor go fit enter di temple.
20 E koll di soja ofisas, di eldas, doz wey dey rule di pipol and all di pipol
for di land, den kon lead di king komot from God Temple. Dem use di gate
for up take enter di palis and di king kon sidan for en throne. 21 Di pipol
for di land kon dey celebrate, bikos since dem kill Atalaya, di town kon get
peace.

# 24

*King Joash*

1 Joash na seven years wen e start to rule. E rule for forty years from
Jerusalem. Na Zibaya wey kom from Beersheba bi en mama. 2 King Joash
obey God thru-out di time wen Priest Jehoiada dey alive. 3 Priest Jehoiada
choose two wife for King Joash and e get sons and dotas.
4 Wen e don bi king for sometaim, e kon won ripair God Temple. 5 E gada
di priest and Levi pipol kon orda dem sey, "Make una go Judah towns go
kollect plenty money kom from di pipol make wi take ripair God Temple."
E sey make dem kwik-kwik kollect am, but Levi pipol nor kwik rish der.
6 So, di king koll Priest Jehoiada kon sey, "Wetin make yu neva tell Levi
pipol make dem kollect di tax from Judah and Jerusalem pipol, just as dem
rite am for God savant Moses book?"
7 (Atalaya wiked well-well and en sons break enter God Temple kon use
all di tins wey dey der take woship Baal juju.)
8 Di king orda sey make dem make one box kon put am outside God
Temple gate. 9 So dem send message go Jerusalem and Judah make
evribody bring di tax, wey God savant, Moses, sey make Israel pipol dey
pay wen dem dey wildaness. 10 All di ofisas and di pipol kon happy as
dem dey put dia silva inside di box till e full. 11 Anytime wen Levi pipol si
sey di box wey di royal money dey don full, doz wey dey kount di money
go remove all di money kon karry di box go back to di gate. Na so dem
dey do am evriday, until dem kollect plenty money. 12 Di king and Priest
Jehoiada give di money to doz wey dem sey make dem ripair God Temple.
Dem hire karpenter, doz wey get handwork, doz wey dey do bronze and
iron sey make dem ripair God Temple.
13 Dem work well-well kon ripair di temple. Dem follow as di
measurement bi for di temple kon do am like dat. 14 Wen dem don finish,
dem karry di silva wey remain go give di king and Priest Jehoiada. Dem
use am make difren tins for God Temple: tins wey dem take dey serve God
for di temple; tins to take burnt sakrifice; pans with oda tins wey dem use
gold and silva take make. Wen Priest Jehoiada dey alive, dem dey always
burnt sakrifice for di temple.
15 Priest Jehoiada old well-well and e die wen e bi one hundred and
thirty years. 16 Dem beri am for David Town with di oda kings, bikos e do
good tins for Israel and for God Temple.
17 Wen Priest Jehoiada don die, Judah leaders kon visit di king, bikos of
dia respet for Jehoiada. Di king kon listin to dia advise. 18 Dia Oga wey bi
dia grand-grand papa God, dem leave en temple kon bigin woship Asherah

and difren juju. Bikos of dia sin, God kon dey vex for Judah and Jerusalem
pipol. 19 God send profet go meet dem, so dat dem go turn back kom meet
am. Dem warn dem well-well, but dem nor gri listin.

20 God Spirit kon enter Zekaraya wey bi Jehoiada pikin. E stand up kon
tell di pipol, "Dis na wetin God tok: 'Why una nor dey obey God kommand?
Una nor go prosper and God don rijet una, bikos una nor gri obey am!' "

21 Dem plan kon stone Zekaraya die for God kourtyard. 22 Di king forget
di love wey Priest Jehoiada wey bi Zekaraya papa show am kon kill en
pikin. Wen Zekaraya dey die, e shaut kry sey, "Make God si and ponish
una for dis tin wey una dey do!"

23 As di year dey start, Siria sojas attack Judah and Jerusalem kon karry
many tins go Damaskus. 24 Even doh Siria sojas small, God let dem win
Judah sojas, bikos dem don turn from en wey bi dia grand-grand papa
God. Like dis, God kon ponish King Joash. 25 Dem wound am well-well. So
wen dem don fight finish, den two of en ofisas kon plan and kill-am for en
bed, bikos of Zekaraya wey e kill. Dem beri am for David Town, but nor
bi for di royal beri groun.

26 Doz wey plan against am na, Zabad wey one Ammon woman, Shimeat
born and Jehozabad wey one Moab woman, Shimrit born. 27 King Joash
sons names, di tins wey dem profesai against Joash and as e take build
God Temple again, dem rite am put for di kings book. Amazaya en pikin
kon take-ova as king.

# 25

*Amazaya Rule*

1 Amazaya na twenty-five years wen e bigin rule and e rule Jerusalem for
twenty-nine years. Na Jehoaddin wey kom from Jerusalem bi en mama.
2 Even doh e dey obey God, e nor serve am with en whole heart. 3 Wen
e don get pawa well-well for di throne, e kon kill di savants wey kill en
papa. 4 E nor kill dia papa, bikos e obey God kommand wey dem rite for
Moses Law sey, "Make dem nor kill pikin, bikos of en papa sin or kill papa,
bikos of en pikin sin."

5 Amazaya gada Judah pipol, divide dem into difren family kon give
dem to di sojas oga wey dey kontrol 1,000 pipol and doz wey dey kontrol
hundred pipol for Judah and Benjamin tribe. E kount doz wey don rish
and pass twenty years and dem bi 300,000 men wey strong rish to fight. So
dem kon give dem spears and shields make dem take go fight. 6 Amazaya
hire 100,000 sojas from Israel kon pay dem 7,500 pounds.

7 But one profet go meet am kon sey: "My king! Make yu nor allow
Israel sojas follow yu go, bikos God nor dey with Israel and Efraim pipol.
8 Even if yu fight well for di war, God go make yor enemies win yu. Na
only God get di pawa to help and fight for pesin."

9 Den King Amazaya kon ask di profet, "Wetin yu wont make I do about
di money wey I don pay take hire dem?" Di profet ansa, "God go give yu
pass dat one."

10 So, King Amazaya kon tell di sojas wey kom from Efraim sey make dem
go house. Dem vex well-well for Judah pipol as dem dey go dia house.

11 King Amazaya use strong heart take lead en sojas go Salt Valley, where
e for fight and win 10,000 Edom pipol. 12 Judah men katch 10,000 men kon
take dem go on-top one hill den trow dem go down till dem die finish.

13 Di pipol wey King Amazaya nor gri make dem follow am go fight kon
go attack Judah towns wey dey near Samaria and Bet-Horon. Dem kill
3,000 men kon karry many of dia tins go.

14 Wen Amazaya kill Edom pipol finish, e kom back with Seir pipol juju
kon make dem en god. E dey bow, woship and sakrifice give dem. 15 God
vex for King Amazaya, so E send one profet go meet and tell am, "Why yu
dey follow doz gods wey nor fit save dia own pipol from yor pawa?"

16 As e dey tok, King Amazaya kon tell am, "Na who choose yu to advise
di king? Make yu stop to profesai or dem go kill yu trowey!"

Di profet stop kon sey, "I know sey God one distroy yu, bikos of dis tins
wey yu do and yu nor gri listin to my advise."

17 Afta King Amazaya for Judah don tok to en advisers, e kon send
message go meet Jehu grand-pikin, King Joash for Israel wey Jehoahaz
born sey: "If yu get pawa, make yu kom follow mi fight."

18 King Joash for Israel kon send message go back to King Amazaya
sey, "Shuku-shuku for Lebanon send dis message go give cedar tree for
Lebanon sey, 'Make my son marry yor dota, den one wiked animal for
Lebanon kon mash di shuku-shuku die.' 19 Di win wey yu win Edom pipol
don dey won make yu kraze. Make yu stay for yor palis. Why yu won bring
wahala kon give yorsef. Why yu won distroy yorsef and Judah tribe?"

20 But King Amazaya nor hear en warnin. God won give dem to King
Joash, bikos dem follow Edom gods. 21 So King Joash attack King Amazaya
for Israel. Di two of dem kon face diasef for Bet-Shemesh for Judah.
22 Israel win Judah pipol and all of dem kon run go back to dia house.
23 For Bet-Shemesh, King Joash katch King Amazaya wey Joash born kon
karry am go Jerusalem. Na Jehoahaz born Joash. E skata Jerusalem wall,
from Efraim gate go rish di korna gate wey long rish six hundred fit. 24 Di
gold, silva and di tins wey dey God Temple wey dem sey make Obed-Edom
dey look, e karry all of dem go. E still karry all di rish tins for di palis and
some pipol go Samaria.

25 King Amazaya wey Joash from Judah born, dey for fifteen years afta
King Joash wey bi Jehoahaz pikin for Israel, don die. 26 Di remainin tin
wey King Amazaya do wen e dey rule, dem rite dem for Judah and Israel
king history book. 27 From di time wey King Amazaya stop to follow God,
pipol kon dey plan against am for Jerusalem. E run go Lakish, but dem
send pipol follow am kon kill-am for der. 28 Dem use horse karry en dead
body go beri for Jerusalem with en grand-grand papa dem for David Town.

# 26

*Uzzaya Rule*

1 All di pipol for Judah kon make Uzzaya king afta en papa, Amazaya
don die. 2 Afta Amazaya die, King Uzzaya ribuild Elat for Judah pipol.

3 Uzzaya na sixteen years wen e start to rule and e rule for fifty-two years
from Jerusalem. En mama name na Jekolaya wey kom from Jerusalem.
4 E obey God, just as en papa King Amazaya bin do. 5 E follow God wen

Zekaraya dey alive, bikos e tish am how to honor God. God make am
prosper as e dey follow am.
6 Uzzaya attack Filistia pipol kon skata Gat, Jabneh and Ashdod wall. E
build towns for Ashdod and all Filistia aria. 7 God help am fight Filistia,
Arab and Meun pipol wey dey Gur Baal. 8 Ammon pipol dey respet Uzzaya
well-well, so e kon get pawa and e rule go rish Egypt side.
9 King Uzzaya build towas for Jerusalem near di Korna Gate, di Valley
Gate and for di wall korna, den e fence dem round. 10 E still build towas
wey e fence; dig many well for di desert, bikos e get many animals for
di hills and plain land. E get pipol wey dey work for am for en farm,
vineyard, di hills and for Mount Karmel, bikos e like farm work well-well.
11 King Uzzaya get many sojas wey dem train to fight war; dem arrange
di sojas for difren group, just as Jeiel wey dey rite and Maaseaya wey bi
di ofisas, wen Hananaya bi di sojas oga, do am. 12 All di family leaders
wey lead sojas, na 2,600. 13 Dem dey kommand 307,500 sojas wey get skill
and fit fight and dem ready to fight for dia king. 14 King Uzzaya give all di
sojas shield, spears, helmet, breast-plates, bows and katapault stones. 15 E
make war machine for Jerusalem wey dem take dey shot arrow with big
stones from di towas and di wall kornas. E get pawa well-well, bikos pipol
dey support am.
16 E kon use en pawa take distroy ensef, bikos e nor gri obey God again.
E enter God Temple kon offa incense for di altar. 17 Priest Zabud and di
oda eighty priest wey get mind follow am enter di temple. 18 Dem go meet
King Uzzaya kon tell am, "E nor good make yu offa incense give God by
yorsef, bikos dat na di work wey priests dey do and na Aaron shidren-
shidren dem anoint to dey offa incense. Make yu komot from God house,
bikos yu don disobey and nor gri respet am!"
19 So King Uzzaya kon dey vex and e hold di incense plate for hand. As e
dey shaut for di priests, one kind skin diziz kom out for en fore head for di
temple near di incense altar. 20 Wen Priest Zabud and di oda priests look
am well, dem kon si di diziz for en fore head. So di priests hurry karry
am komot, bikos dem si sey God don ponish am.
21 Dat diziz sofa King Uzzaya until di day wen e die. Dem separate am
from pipol, bikos of di diziz and dem nor let am enter God Temple again.
En pikin Jotam kon take-ova as king.
22 Di remainin tin wey Uzzaya do wen e dey rule, dem rite dem put for
Profet Isaya wey bi Amos pikin book. 23 King Uzzaya die and dem beri am
near en grand-grand papa for where dem dey beri kings. (Dis na bikos e
get skin diziz.) En pikin Jotam kon take-ova as king.

# 27

*King Jotam Rule*

1 Jotam na twenty-five years wen e start to rule and e rule for sixteen
years from Jerusalem. En mama name na Jerusha wey Zadok born. 2 E
obey God, just like en papa Uzzaya. (E nor enter di temple go burn incense
like en papa). But di pipol still dey sin. 3 E build di gate for up wey dem
take dey go God Temple kon do plenty work for di wall wey dey di hill. 4 E
build towns for di hill side for Judah kon build strong place and towas for
di forest.

5 King Jotam fight against Ammon king with en sojas kon win dem. For
dat year, Ammon pipol pay am 7,500 pounds for silva, 10,000 bags for
wheat and 10,000 bags for barley. Ammon pipol still pay dis tins for anoda
two years.
6 King Jotam grow kon get pawa, bikos e dey obey di Oga wey bi en God.
7 Di remainin tins wey e do wen e dey rule; di war wey e fight and en
laws, dem rite dem for Israel and Judah kings history book. 8 E bi twenty-
five years wen e start to rule and e rule for sixteen years from Jerusalem.
9 Jotam die and dem beri am for David Town. En pikin Ahaz kon take-ova
as king.

# 28

*King Ahaz Rule*

1 Ahaz na twenty years wen e start to rule and e rule for sixteen years
from Jerusalem. E nor do wetin God wont or follow en grand-grand papa
David footstep. 2 Israel kings wey make Baal juju before, na dia footsteps
e follow. 3 E use en sons take do sakrifice for Ben-Hinnom Valley and na
dis kind sins di nashons wey dey der before, dey do wey make God drive
dem komot di land. 4 E dey offa sakrifice and burn incense for where dem
for dey woship juju on-top di hill and for under evry green tree.
5 Di Oga wey bi en God kon gi-am to Siria king. Siria pipol win and karry
Judah pipol go Damaskus as prisonas.
God still gi-am to Israel king and e kon distroy en kingdom. 6 King Pekah
for Israel wey Remalaya born, kill 120,000 sojas for Judah, bikos dem turn
from dia grand-grand papa God. 7 One soja for Efraim wey dem dey koll
Zikri, kill di king son wey dem dey koll Maaseaya and Azrikam wey dey
kare for di palis with Elkanah wey bi di kommander. 8 Israel pipol seize
200,000 wifes, sons and dotas from dia brodas. Dem still karry many of
dia tins go Samaria.
9 Oded wey bi God profet, dey der. E go meet di sojas wen dem rish
Samaria kon sey, “Si, bikos una grand-grand papa God dey vex with Judah
pipol, na-im make am give dem to una. Una don kill dem well-well and
God know evritin. 10 But naw, una won turn Judah and Jerusalem pipol
to una slave. Una nor know sey dat one na sin against God? 11 Make una
listin and send di pipol wey una katch from una brodas land go back, bikos
God don dey vex for una!”
12 Zabud wey bi Jehohanan pikin, Berekaya wey Meshillemot born,
Jehizkaya wey bi Shallum pikin and Amasa wey Hadlai born kon go meet
doz pipol wey dey kom back from war 13 sey, “Make una nor bring doz
slave kom here! Una wont make us kommit more sin for God eye? Awa
sin don plenty rish and God don dey vex for Israel pipol already.”
14 So for di ofisas and di pipol front, di sojas kon release di slave and
all di tins wey dem karry. 15 Dem tell some men make dem find klot from
di tins wey dem karry kon give di prisonas wey naked. So dem give dem
klot, shoe, food, drink and oil wey dem go take rub dia body. Di ones wey
nor fit waka, dem put dem on-top donkey. Dem bring dem back to Jeriko,
di Palm Tree Town, den dem kon go back to Samaria.
16 For dat time, King Ahaz kon ask Assyria king make e help am. 17 Edom
pipol don fight, win and karry Judah pipol go as slave again. 18 For dis time,

Filistia pipol don still go fight Judah towns for di low lands and Negev
Valley. Dem take-ova Bet-Shemesh, Aijalon, Gederot and Soko, Timnah,
Gimzo and all di towns wey near dem kon stay der. 19 God sofa Judah
pipol, bikos of King Ahaz for Israel wey enkourage Judah pipol to sin and
disobey God. 20 King Tilgat-Pilneser for Assyria kom, but instead make e
support, e kon give dem more trobol. 21 Ahaz gada many tins from God
Temple, di palis and di ofisas kon give dem to Assyria, but dat one nor
help am.

22 Na wen King Ahaz dey for trobol, e even disobey God pass. 23 E
sakrifice give Damaskus juju, bikos e tink sey na di juju win am. E tok
for en mind sey, "Bikos Damaskus juju help en pipol, I go sakrifice gi-am,
so dat e go kom help mi too." But dis won kon make Assyria sojas distroy
en and evribody for Judah.

24 Ahaz gada and remove all di tins wey dey God Temple. E lock di
temple doors kon make juju altar for evry street for Jerusalem. 25 E make
high place for evriwhere make dem dey give juju sakrifice for Judah. E
make en grand-grand papa God vex well-well.

26 Di remainin tins wey Ahaz do wen e dey rule, dem rite dem for Judah
and Israel kings history book. 27 Ahaz die and dem beri am for David
Town, but dem nor beri am for where dem beri Israel kings put. En pikin
Hezekaya kon take-ova as king.

# 29

1 Hezekaya na twenty-five years wen e start to rule and e rule twenty-
nine years from Jerusalem. Zekaraya pikin, Abijah, na-im bi Hezekaya
mama. 2 E obey God, just like David en grand-grand papa do.

3 For di first mont for di first year wen e dey rule, e open God Temple kon
ripair di doors. 4 King Hezekaya bring di priest and Levi pipol togeda for
di east side for di temple 5 kon tell dem, "Una wey bi Levi pipol, make una
listin to mi. Make una dey holy, so dat una go fit make una grand-grand
papa dem temple holy! Make una remove anytin wey nor dey klean from
God Temple! 6 Awa papa dem nor obey God, dem do wiked tins against awa
God kon turn from am. Dem leave and rijet God. 7 Dem lock di temple kon
kwensh di lamps; dem nor offa incense or burnt sakrifice for God house
and na dis God bi Israel pipol God. 8 Bikos of dis, God kon dey vex for
Judah and Jerusalem pipol and wetin E do dem dey make evribody shake
and fear. 9 Si, awa papa don die for war and dem karry awa wifes and
shidren go as prisonas. 10 I won make kovenant with di Oga wey bi Israel
pipol God, so dat E nor go vex again. 11 My pipol, make una nor waste
time, bikos God don choose una to serve and gi-am sakrifice."

12 Dis na Levi pipol wey ready to do wetin di king tok:
From Kohat shidren-shidren:
wi get Mahat wey bi Amasai pikin and Joel wey bi Zabud pikin.
From Merari shidren-shidren:
wi get Kish wey bi Abdi pikin and Zabud wey Jehallelel born.
From Gershon shidren-shidren:
wi get Joah wey bi Zimma pikin and Eden wey Joah born.
13 From Elizafan shidren-shidren:
wi get Shimri and Jeiel.
From Asaf shidren-shidren:

wi get Zekaraya and Matanaya.
14 From Heman shidren-shidren:
wi get Jehiel and Shimei.
From Jedutun shidren-shidren:
wi get Shemaya hand Uzziel.

15 Dem gada dia brodas kon santify demsef. Dem kon go inside go klean
God Temple, just as di king tok from God word. 16 Di priest enter God
house kon make am holy. Evritin wey nor dey klean for God Temple, dem
karry am go out and Levi pipol kon karry dem go Kidron Valley. 17 Dem
start to klean for di first day for di first mont and for di eight day for di
mont, dem klean rish di varanda for God Temple. Dem klean God Temple
for anoda eight days kon finish for di sixteent day for di same mont.

18 Dem go meet King Hezekaya kon tell am, "Wi don klean God Temple
with evritin wey dey inside: di tabol for di holy bread and di altar wey
dem for dey offa sakrifice. 19 Wi don prepare and replace all di tins wey
Ahaz komot wen e bi king, bikos e nor dey obey God. Dem dey God altar
front naw."

20 For early morning di next day, King Hezekaya gada all di town ofisas
go God Temple. 21 Dem bring seven bulls, seven rams, seven lamb and
seven goats to offa as sin ofrin for di kingdom, for God Temple and for
Judah pipol. Di king tell di priest wey kom from Aaron family sey make
e do sakrifice for God altar. 22 Dem kill di bulls, rams, lamb kon put dia
blood for di altar. 23 Den, dem bring di goats for di sin ofrin kon give di
king and evribody wey gada, den dem put dia hand on-top di goats. 24 So
di priest kill di goats, put dia blood for di altar as sin ofrin to klean Israel
pipol, bikos di king don tok am sey di burnt sakrifice and di sin ofrin, na
for Israel pipol.

25 Di king follow di advise wey God give King David thru Profet Gad
and Profet Natan. E put Levi pipol for di temple with harp and cymbals.
26 Levi pipol karry David music instrument and di priest dem karry dia
own trumpet too.

27 King Hezekaya sey make dem burn di sakrifice for di altar and as dem
dey burn di sakrifice, dem dey play David music instrument and sing praiz
God. 28 All di pipol wey gada, woship God. Some dey sing and di odas dey
blow trumpet. Dem do like dis till di sakrifice burn finish.

29 Afta, di king and all di pipol wey dey with am kon bow woship God.
30 King Hezekaya and all di ofisas tell Levi pipol sey make dem use David
and Profet Asaf psalms take praiz God and dem kon dey happy as dem dey
praiz and woship God.

31 King Hezekaya tell dem, "Si, una don dey klean for God eye, so make
una bring sakrifice and gift kom take tank God for en temple." Den,
evribody wey gada, karry sakrifice and gifts go tank God and anybody
wey like to offa sakrifice, dey burn en ofrin.

32 So evritin wey dem sakrifice give God na: 70 bulls, 100 rams and 200
lamb. 33 Dem still bring 600 bulls and 3,000 sheep as sakrifice and na
di pipol go chop dis ones. 34 But dem nor get enough priest to kill all di
animals. So, Levi pipol wey bi dia brodas kon help dem till di work finish
and di priest santify demsef. Levi pipol even santify demsef pass di priest.
35 Dem do many burnt sakrifice with di drink ofrin too kon burn di fat for

di peace ofrin. 36 King Hezekaya and all di pipol happy well-well for wetin
God do for dem, bikos E kwik-kwik do am.

# 30

*Di Passova*

1 King Hezekaya send message go Israel and Judah kon rite leta go give
Efraim and Manasseh pipol sey make dem kom God Temple for Jerusalem
kon celebrate di Passova to take honor di Oga wey bi Israel pipol God.
2 Di king, en ofisas and Jerusalem pipol kon choose to do di Passova for
di sekond mont. 3 Dem nor fit dey do am always, bikos many of di priest
neva fit santify diasef and di pipol neva gada for Jerusalem. 4 Di king and
all di pipol like di plan. 5 So, dem send message go evriwhere for Israel;
from Beersheba go rish Dan kon koll all di pipol sey make dem kom do
Israel pipol God, Passova Feast for Jerusalem, bikos dem neva koll all di
nashon kon do am before, just as dem rite am for di law.

6 Di messenja give evribody for Israel and Judah, di king and di ofisas
leta. Wetin di king rite for di leta na,

> "My pipol Israel, make una turn back kom meet Abraham, Isaak and
> Israel God, so dat E go kom meet una wey E save from Assyria kings.
> 7 Make una nor bi like una papa wey nor dey obey dia grand-grand
> papa God wey make am vex distroy dem and una know evritin. 8 Make
> una nor dey sturbon like una papa, but make una obey God as una dey
> kom en house wey E don make holy forever. Make una serve am forever,
> so dat E nor go vex for una. 9 If una turn back kom meet God, doz wey
> karry una relashon go prison, go pity and free dem. Di Oga una God dey
> sorry for pipol and if una turn back kom meet am, E nor go rijet una."

10 Di messenja waka from one town to anoda and e go evriwhere for
Efraim and Manasseh land, e even rish Zebulun, but di pipol kon dey laf
am. 11 But some men from Asher, Manasseh and Zebulun honbol demsef
kon go Jerusalem. 12 God still help di pipol kom togeda for Judah, bikos
dem obey di king and en ofisas kommand.

13 Many pipol gada for Jerusalem for di sekond mont make dem celebrate
di bread wey nor get yist feast. 14 Dem remove di juju and incense altars
from Jerusalem kon trow dem for Kidron Valley.

15 Dem kill di Passova lamb for di fourteent day for di sekond mont. Di
priest and Levi pipol kon dey shame for diasef, so dem go God Temple go
klean demsef kon offa burnt ofrin. 16 Dem stand for dia difren pozishon,
just as God savant Moses rite for en law. As Levi pipol give di blood to
di priests, dem kon sprinkol am for di temple. 17 Many pipol wey gada
neva santify demsef, so Levi pipol kill di Passova lamb for all di pipol wey
nor dey klean and wey nor fit make holy sakrifice for God. 18 Many pipol
wey kom from Efraim, Manasseh, Issakar and Zebulun nor dey klean, but
dem still disobey kon chop di Passova food as di law tok. King Hezekaya
kon pray for dem sey, "Make Oga God wey dey good, forgive 19 evribody
wey won follow God wey bi en grand-grand papa God, even doh dem nor
dey klean as dem rite am for di temple law." 20 God hear King Hezekaya
prayer kon forgive di pipol.

21 Israel pipol wey gada for Jerusalem celebrate di bread wey nor get
yist feast for seven days with joy. Di priests and Levi pipol dey praiz God
evriday with all dia heart.
22 King Hezekaya show sey e happy well-well as Levi pipol use all dia
mind dey serve God. Dem do di feast for seven days, dey give ofrins and
dey tank God wey bi dia grand-grand papa God.
23 Di pipol kon sey make dem celebrate for anoda seven days, so dem
kon celebrate for anoda seven days. 24 King Hezekaya give di pipol 1,000
bulls and 7,000 sheep. Di ofisas still give dem 1,000 bulls and 10,000 sheep.
Many priest santify diasef too. 25 All di pipol wey gada for der na: Judah
pipol, di priests, Levi pipol and strenjas wey dey stay Israel and Judah land.
26 Di party for Jerusalem big pass anytin wey don happen for Jerusalem,
since wen Solomon wey bi David pikin, bi king. 27 Di priest and Levi pipol
stand up kon bless di pipol and God ansa dia prayers from en throne for
heaven.

# 31

*King Hezekaya Bilive*

1 Afta di feast, Israel pipol for Judah kon go skata di pilas, Asherah juju
pole, all di high place and altar where dem for dey serve juju for Judah,
Benjamin, Efraim and Manasseh tribes. Den all of dem kon go back to dia
house.
2 King Hezekaya put priest and Levi pipol sey make dem dey burn
sakrifice, serve, give ofrins, tank, praiz and dey woship God for en temple.
3 Di king give some of en animals as burnt sakrifice, with di morning and
evening burnt sakrifice and di sakrifice wey dem dey burn for Sabat Day,
New Moon and any oda time wey dem rite for God Law Book. 4 E give orda
sey make di pipol for Jerusalem bring dia own part wey dem go share give
di priest and Levi pipol, so dat dem go obey God kommand. 5 Wen dem
give di orda, Israel pipol bring dia grain, wine, olive oil, honey and all
wetin dem get for dia farm. Dem bring one for evry ten tins wey dem
get and dem plenty well-well. 6 Israel and Judah pipol wey dey stay Judah
towns bring one from evry ten melu and sheep, with one from evry ten
holy tins wey dem get, so dat dem go dey klean for God eye. Wetin dem
bring plenty well-well. 7 For di third mont, dem kon gada all wetin dem
bring till di sevent mont. 8 Wen King Hezekaya with en ofisas si wetin dem
gada, dem praiz God kon bless di pipol.
9 Wen King Hezekaya ask di priest and Levi pipol about wetin dem gada,
10 Zabud from Zadok family wey dey head all di priests kon sey, "Since dem
bigin bring all dis tins kom God Temple, wi dey get plenty to chop and e
dey remain. God don bless en pipol, naim make all dis ones still remain."
11 King Hezekaya give orda make dem prepare store room for di temple.
As dem do am finish, 12 dem kon take all di tins, di tithe and di holy tins
enter inside. Kenanaya wey kom from Levi, naim bi oga for dis tins and na
en broda Shimei dey help am. 13 Jehiel, Azazaya, Nahat, Asahel, Jerimot,
Jozabad, Eliel, Ismakaya, Mahat and Benaya dey work under Kenanaya
and en broda Shimei wey bi di oga for God Temple, bikos na so King
Hezekaya and Zabud wey bi oga for di temple, wont make e bi.
14 Imnah pikin Kore, wey kom from Levi tribe, dey guide di east side for
di temple and na-im still dey kollect and divide di gifts wey pipol bring

kon give God. 15 For di town wey priests dey stay, Eden, Mijamin, Jeshua, Shemaya, Amaraya and Shekanaya dey help Kore share di tins give di oda priests akordin to dia work and age.

16 Dem share give di men wey don old pass thirty years wey dem rite dia name put for di family rekord and doz wey go enter God Temple go serve and do dia evriday work.
17 Dem share di tins give di priests akordin to dia family name for di rekord kon give Levi pipol wey don rish and pass twenty years, akordin to di work wey dem give dia group.
18 Dem share food give all di family wey dem rite for di history book, plus di small shidren, wifes, sons and dotas. Bikos all dis ones dey always santify demsef.

19 Dem choose some men from di priests from Aaron shidren-shidren towns, so dat dem go share di food give all di priests and doz for Levi family rekord.

20 For Judah, King Hezekaya do only tins wey dey rite, korrect and good for God eye.
21 Evritin wey e do to take serve God well for en temple and to follow God laws and kommands, Hezekaya do dem with e whole heart and bikos of dis, God kon make am prosper.

# 32

*Dem Attack Judah*

1 Afta King Hezekaya do all dis good tins for God, King Sennakerib for Assyria with en sojas kon go attack Judah.
2 Wen King Hezekaya si sey Sennakerib don enter and e won attack Jerusalem,
3 e go meet en advise and en sojas oga kon tell dem sey make dem stop di wota for outside di town and dem support am.
4 Many pipol gada go stop di wota make e for nor flow go outside di town again and dem kon sey, "Why Assyria king go kom find wota for here?"
5 King Hezekaya use all en pawa take build di wall wey dem break. E build towa and wall for outside kon fence David Town round. E make many weapons and shields.

6 E put di sojas under dia offisa, den e gada dem for di town gate. E make dia heart strong wen e sey,
7 "Make una dey strong! Make una nor fear or shake, bikos of Assyria king and en sojas, bikos di Pesin wey dey with us, strong pass di pipol wey dey with am.
8 Na only human being pawa dem get, but di Oga wey bi awa God dey with us and E go help us fight all awa war." So, wetin King Hezekaya tok kon make di sojas get strong heart.

9 Wen King Sennakerib and en sojas still dey for Lakish, e send dis message go give King Hezekaya and all Judah pipol wey dey with am for Jerusalem:

10 Dis na wetin King Sennakerib for Assyria tok, "Why una get heart kon still dey Jerusalem wen sojas surround evriwhere?
11 King Hezekaya tell una sey, 'Di Oga wey bi awa God go save us from Assyria king pawa.' But e dey deceive una and honga for food and wota go kill una.
12 Na King Hezekaya skata all God place and altars kon tell Judah and Jerusalem pipol make dem burn incense and woship God for only one altar.

13 Una nor know wetin mi and my grand-grand papa dem do to oda nashons? All di oda land gods fit save en pipol from my pawa?
14 Any of doz kountry gods don fit save dem from my pawa?
15 Make una nor let

King Hezekaya deceive una like dis. Make una nor bilive am, bikos no god for any kingdom don fit save en pipol from my hand or my grand-grand papa dem pawa. So, how una God go take save una from my hand?"
16 King Sennakerib savants still insult di Oga God and Hezekaya wey bi
God savant. 17 E rite leta kon curse di Oga wey bi Israel pipol God sey:
"Di gods for all di nashons nor fit save dia pipol from my pawa. Even
King Hezekaya God nor go fit save en pipol from my pawa." 18 Di ofisas
shaut with Hibru language make Jerusalem pipol wey dey di wall, fear run
komot, so dat dem go fit seize di town. 19 Dem dey tok about Jerusalem
God like sey na one ordinary pesin for di nashon.
20 King Hezekaya and Profet Isaya wey bi Amos pikin kon pray and kry to
God. 21 God kon send angel go kill all di soja, prince and offisa for Assyria.
So, King Sennakerib kon shame go back to en town. Den wen e go en god
temple, en sons kon kill-am with swod.
22 God save King Hezekaya and Jerusalem pipol from King Sennakerib
and di oda nashons. E protet dem for evry side. 23 Many pipol bring tins
kon give God for Jerusalem and dem still give betta gifts to King Hezekaya
for Judah. From dat time go, all di nashons kon dey respet am.

### *King Hezekaya Sick*

24 For dat time, one kind bad sickness katch King Hezekaya. E pray give
God and God show am sign sey, e go well. 25 But King Hezekaya nor dey
honbol again, bikos e kon dey karry body wey make God vex for both en,
Judah and Jerusalem pipol. 26 King Hezekaya and Jerusalem pipol kon turn
kom meet God and E forgive dem again.
27 King Hezekaya get money well-well and pipol dey respet am. E build
where dem go dey keep en silva, gold, precious stones, spices and many
oda tins wey e get, put. 28 E still build store for en rice wey dem harvest,
en wine, olive oil and for en plenty animals. 29 E build royal towns and e
get many sheep and melu, bikos God gi-am many propaty.
30 King Hezekaya block where wota from dey kom on-top Gihon kon
direct am go di west side for David Town. So, God kon bless King Hezekaya
for evritin wey e do. 31 Wen Babilon ofisas send pipol go find out about di
sign wey happen for di land, God kon leave di king alone, so dat E go fit
test am, make E for know wetin dey en mind.
32 Di remainin good tins wey Hezekaya do, dem rite dem for di book
wey bi Profet Isaya wey Amos born, own. Dem still rite dem for Judah
and Israel kings history book. 33 Hezekaya die and dem beri am for David
shidren-shidren grave. Judah pipol and doz wey dey stay for Jerusalem
beri am with honor. En pikin Manasseh kon take-ova as king.

# 33

### *King Manasseh Rule Judah*

1 Manasseh na twelf years wen e start to rule and e rule for fifty-five
years from Jerusalem. 2 E sin like di oda kings and nashons wey God
porshu komot di land for Israel pipol. 3 E build di high place wey en papa
King Hezekaya skata. E make altars for Baal and Asherah juju. E bow
and woship all di stars for di sky. 4 Manasseh build altars for God Temple,

di place where God for sey, "Jerusalem go bi my house forever." 5 For di
two kourtyard for God Temple, e build altars for all di stars for di sky. 6 E
sakrifice en sons for fire for Ben-Hinnom Valley kon dey do juju and many
bad-bad tins. E dig one pit and for der, doz wey don die, dem dey koll dia
spirit kom back to life. E put majishan make dem dey supavise am. E do
many wiked and bad tins wey make God vex.
7 Di juju image wey e make, e put am for God Temple, di place wey God
tell David and Solomon en pikin sey, "Dis temple for Jerusalem, na-im I
don choose among Israel land, as my house forever. 8 I nor go make Israel
pipol leave di land wey I give dia grand-grand papa again, as long as dem
dey obey di kommand, laws and rules wey I give dem thru Moses, my
savant." 9 But Manasseh deceive Judah pipol and doz wey dey stay for
Jerusalem make dem for sin pass di nashons wey God distroy komot der,
for dem.
10 Even as God warn Manasseh and en pipol rish, dem nor gri listin.

### *Manasseh Turn To God*

11 So God kon allow di oga for Assyria sojas attack Judah. Dem seize
Manasseh, hook en nose, tie am with bronze shains kon karry am go
Babilon. 12 As dem dey sofa am, Manasseh kon turn go meet God wey bi
en grand-grand papa God sey make E kon help am. 13 Wen e pray to God,
God hear and ansa en kry for help. God bring am kom back to Jerusalem
wey bi en kingdom. Den Manasseh kon know sey na di Oga bi di true God.
14 Afta dis, Manasseh build di outside wall for David Town for di west
side for Gihon Valley go rish di Fish Gate and di oda gates. E make am
high well-well kon put sojas for evriwhere for di town wey dem fence for
Judah.
15 E remove all di juju and image dem from God Temple. All di altars
wey e build for di hill for God Temple and for Jerusalem, e trowey dem.
16 E build God altar kon offa peace and tanksgivin ofrin. E tell Judah pipol
make dem serve Israel God wey bi di true God. 17 Di pipol still dey offa
sakrifice for di high place, but na only to dia Oga wey bi God.
18 Di remainin tins wey Manasseh do, with how e pray to God and di
profesy wey dem use God name take tell am, dem rite dem put for Israel
kings history book. 19 Wetin dem rite for di profets book still get: en
prayers and how God take ansa am; all en sins and di bad tins wey e
do; where e build high place with Asherah juju before e turn to Oga God.
20 Manasseh die and dem beri am for en palis. En pikin Amon kon take-ova
as king.

### *Amor Rule*

21 Amon na twenty-two years wen e start to rule and e rule for two years
from Jerusalem. 22 E nor obey God just as Manasseh en papa bin do. E do
sakrifice for all di juju wey en papa make. 23 Amon nor respet di Oga wey
bi God, just as Manasseh en papa take leta respet am. E even sin pass en
papa.
24 En savants plan kon kill-am for en palis. 25 But di pipol kill doz wey
plan against Amor, den Josaya wey bi Amon pikin, dem kon make am king.

## 34

### *King Josaya Rule Judah*

1 Josaya na eight years wen e start to rule and e rule for thirty-one years
from Jerusalem. 2 E do wetin God wont kon follow David wey bi en grand-
grand papa footstep, e nor turn go left or rite.

3 For di eight years wen e dey rule, even doh e still dey yong, e start
to serve God wey en grand-grand papa David serve. For di twelft year, e
bigin distroy all di place where dem for dey serve juju: Asherah juju and
all di oda juju. 4 E give orda sey make dem distroy Baal juju kon skata di
incense altar wey dey on-top dem. E skata and grind Asherah juju, di oda
juju and dia image, den e pour dia dust on-top di juju savant graves. 5 E
burn di juju priest bones for di altars where dem for dey woship before.
Bikos of all dis tins wey e do, Judah and Jerusalem kon dey holy again. 6 E
do di same tin for Manasseh, Efraim and Simeon land go rish Naftali and
all di towns wey dey near dem. 7 E distroy di altar, Asherah juju and di
oda juju kon skata all di incense altars wey dey for Israel town, den e go
back to Jerusalem.

8 For di eighteent year wen e dey rule, e kontinue to dey make di land
and di temple holy. King Josaya tell Shafan wey Azalaya born, Maaseaya
wey bi Jerusalem govnor and Joah wey bi di high offisa Jehoahaz pikin
sey, "Make una go ripair di Oga awa God, temple."

9 Di money wey Levi pipol wey dey guide don kollect for di temple, dem
pak and gi-am to Hilkaya wey bi di High Priest. (Dem kollect am from
Manasseh, Efraim and all di pipol wey remain for Israel, Judah, Benjamin
and Jerusalem.) 10 Dem kon give di money to di three men wey dey ripair
di temple wey 11 leta give di karpenters and doz wey dey build, so dat dem
go use am take buy strong stones and timba, to take ripair di house wey
Judah kings bin skata.

12 Di men work with all dia mind and di four Levi men wey dey supavise
dem na: Jahat and Obadaya from Merari; Zekaraya and Meshullam from
Kohat family. (All Levi pipol wey dey der, sabi sing well-well.) 13 Oda Levi
pipol still dey supavise difren works, while some na guards and ofisas.

14 Wen dem remove di silva wey dem bring kom God Temple, Priest
Hilkaya kon si di Law Book wey God give Moses. 15 Priest Hilkaya tell
Shafan. "I don si di Law Book for God Temple." Den e give di book to
Shafan.

16 Shafan take di book go give di king kon sey, "Yor savants dey do evritin
wey dem give dem. 17 Dem melt di silva for God Temple kon gi-am to doz
wey dey supavise dia work." 18 Shafan still tell di king, "Na Priest Hilkaya
give mi dis book." Den Shafan shaut as e dey read wetin dey di book give
di king.

19 Wen di king hear di words wey dem rite for di Law Book, e kon tear
en klot. 20 Di king sey make Priest Hilkaya orda Ahikam wey bi Shafan
pikin; Abdon wey Mikah born; Shafan wey bi di seketry and Asaya wey
bi di king savant sey: 21 "Make una go pray give God for mi and di pipol
wey remain for Judah and Israel. Den ask am about di words wey dey dis
book wey dem si, bikos God dey vex for us, bikos awa grand-grand papa
nor obey en word as dem rite am for dis book!"

22 So Priest Hilkaya and di oda pipol wey di king send with dem kon go
meet Profetes Hulda wey dey stay di new part for Jerusalem. (En husband

na Shallum wey Tokhat born and na Hasrah wey dey kare for di temple
robe, bi en grand-papa.)

Dem kon tell di woman evritin wey happen, 23 den di woman sey, “Make
una go tell di king, 24 ‘God sey: “I go ponish Jerusalem and all di pipol with
di curse dem wey dey inside dis book wey dem read gi-am. 25 Dem don
rijet mi kon dey sakrifice give oda gods, so I dey vex for wetin dem do. I
dey vex naw for Jerusalem and nor-tin go fit stop mi make I nor ponish
dem.” ’ 26 And for di king ensef, dis na wetin di Oga God dey tok: ‘Yu
don listin to evritin wey dem rite for dis book 27 and yu kom turn from sin
kom meet mi, as yu tear yor klot dey kry wen yu hear sey I won ponish
Jerusalem with en pipol. I don hear una prayer. 28 So, I go let una die
make dem beri una with peace. Una nor go si di wahala wey I won bring
kom Jerusalem.’ ”

So dem kon go tell di king dis tins.

29 Di king koll all di leaders for Judah and Jerusalem 30 kon gada di pipol,
di priest, Levi pipol; both old and yong pipol go God Temple and e shaut
read wetin dem rite for di Law Book wey dem si for di temple. 31 Di king
stand near di pila kon make new kovenant with God sey dem go follow en
kommand, laws and rules wey dem rite for di book with all dia heart.

32 E make all di pipol wey dey Jerusalem and Benjamin gri sey dem go
do am. Pipol for Jerusalem follow di Oga wey bi dia grand-grand papa God
kon obey en kovenant.

33 King Josaya remove all di juju from Israel pipol aria kon advise dem
sey make dem serve God. For di time wen Josaya dey rule, di pipol nor sin
against di Oga wey bi dia grand-grand papa God.

# 35

*Di Passova*

1 Josaya celebrate God Passova for Jerusalem. Dem kill di Passova lamb
for di fourteent day for di first mont. 2 E enkourage di priests kon sey make
dem do dia work well for di temple. 3 E still tell Levi pipol wey bi tisha
for Israel about di tins wey dem dedikate give God sey, “Di holy ark wey
Solomon, King David pikin build, make una put am for di temple. Make
una nor put am for una shoulder. So, di Oga wey bi una God, na-im and
en pipol Israel, una go serve! 4 Make una arrange unasef akordin to una
family, just as King David for Israel and en pikin Solomon tell una.

5 “Make una stand for God house, with di oda Levi pipol and una go
ripresent all Israel pipol. 6 Make una kill di Passova lamb, dedikate and
prepare unasef for una pipol kon do wetin God kommand una thru Moses.”

7 Josaya give di pipol 30,000 lamb and goats with 3,000 melu from en
animals for di Passova sakrifice.

8 En ofisas still use dia mind give di pipol, di priest and Levi pipol
some tins too. Priest Hilkaya, Zekaraya and Jehiel wey bi leaders for di
temple, give dem 2,600 lamb and yong goats and 300 melu for di Passova.
9 Kenanaya and en brodas, Shemaya and Netanel with Hashabaya, Jeiel
and Jozabad wey bi Levi pipol ofisas, give Levi pipol 5,000 lamb and 500
melu for di sakrifice.

10 Wen dem don arrange evritin for di Passova, di priest and Levi pipol
kon stand, take dia pozishon, just as di king tell dem. 11 Dem kill di Passova

lambs, den di priest sprinkol di blood for evriwhere. Na Levi pipol prepare
di animals. 12 Den dem divide di burnt ofrin among di pipol akordin to
dia family, so dat dem go fit offa dem akordin to di kommand wey Moses
give dem. 13 Levi pipol roast di Passova lambs just as dem rite am for di
Law Book kon boil di holy ofrin inside pots, kettol and pans, den serve di
food give all di pipol. 14 Afta, dem prepare sometin for diasef and for di
priests, bikos di priests wey bi Aaron shidren-shidren, offa burnt sakrifice
with di fat till evening.
15 Doz wey dey play music with Asaf shidren-shidren face dia own pot,
just as King David tok thru Profet Asaf, Heman and Jedutun. Di guards
nor komot from dia pozishon, bikos Levi pipol prepare sometin for dem
too.
16 Dat day, dem prepare evritin to take woship God kon celebrate
di Passova, den dem burn sakrifice for God altar, just as King Josaya
kommand. 17 So Israel pipol for der kon use seven days take celebrate
di Passova with di bread wey nor get yist, feast. 18 Dem neva do dis
kind Passova for Israel since Profet Samuel die. No king for Israel don
celebrate Passova like di way King Josaya, di priests, Levi pipol, Israel
pipol, Judah pipol and all doz wey dey stay for Jerusalem, celebrate am.
19 Dem celebrate dis Passova for di eighteent year wen King Josaya dey
rule.

### *Josaya Die*

20 Afta King Josaya don do all dis tins for di temple, King Neko for Egypt
kon go fight with Karkemish for Eufrates River and Josaya kon go try to
stop am. 21 King Neko send messenjas go meet am sey, "Judah King! Wetin
make yu dey oppoz mi? I nor dey attack yu, na di kingdom wey I follow
get war I kom meet and God sey make I hurry. God dey my side, so make
yu nor oppoz mi or God go distroy yu."
22 But King Josaya nor hear word, bikos e don ready ensef for war. E nor
listin to wetin King Neko tok at-all, so e kon go fight am for Megiddo Hill.
23 Egypt sojas kon shot King Josaya as dem dey fight, so di king tell en
savants, "Make una karry mi komot for here, bikos I don wound well-
well." 24 So, en savants karry am for anoda shariot go Jerusalem where e
for die. Dem beri am for en grand-grand papa grave and all di pipol for
Judah and Jerusalem, kry well-well.
25 Profet Jeremaya sing one song for King Josaya and e don turn
tradishon for doz wey dey sing for Israel and na both man and woman dey
use di song wen dem dey mourn. Dem add di song join di oda mourning
songs.
26 Di remainin good tins wey King Josaya do as dem rite am for God law
book, 27 with all di tins wey e gain, from biginnin go rish end, dem rite
dem for Israel and Judah kings history book.

# 36

### *King Jehoahaz Rule Judah*

1 Di pipol for di land take Josaya pikin Jehoahaz kon make am king for
Jerusalem. 2 Jehoahaz na twenty-three years wen e start to rule and e rule
three monts from Jerusalem. 3 King Neko for Egypt take am go prison kon
sey make Judah pipol pay 7,500 pounds for silva and 75 pound for gold as

tax to am. 4 Egypt king kon make Eliakim wey bi Jehoahaz broda king for
Judah and Jerusalem and dem shange en name to Jehoiakim. King Neko
karry Jehoahaz go Egypt.

### *King Jehoiakim*

5 Jehoiakim na twenty-five years wen dem make am king and e rule
eleven years from Jerusalem. E do wiked and bad tins before God. 6 King
Nebukadnezzar for Babilon attack Jehoiakim, use bronze take shain am
kon karry am go Babilon. 7 King Nebukadnezzar take some of di tins wey
dey God Temple go Babilon kon put dem for en palis.
8 Di remainin tins wey Jehoiakim do wen e dey rule, all di big-big sins
and bad tins wey e do, dem rite dem for Israel and Judah kings history
book. En pikin Jehoiashin kon take-ova as king.

### *King Jehoiashin*

9 Jehoiashin na eighteen years wen e start to rule and e rule three monts
and ten days from Jerusalem. E nor gri obey God. 10 Wen di year just start,
King Nebukadnezzar kon give orda sey make dem bring am with di betta
tins wey dey for God Temple kom Babilon. E make Zedekaya wey bi en
family memba, king for en place for Jerusalem.

### *King Zedekaya*

11 Zedekaya na twenty-one years wen e start to rule and e rule eleven
years from Jerusalem. 12 E do wiked and bad tins for God eyes. E nor
honbol ensef to Profet Jeremaya wey bi God savant. 13 King Zedekaya
attack King Nebukadnezzar wey don make am swear with God name sey
e go dey loyal to am. King Zedekaya sturbon well-well and e nor gri turn
from sin kom meet di Oga wey bi Israel God. 14 All di priests and leaders
nor kon dey faithful again and dem kon dey kommit bad-bad sins wey all
di oda nashon dey kommit. Dem nor kon make God temple for Jerusalem
holy again.

### *Babilon Distroy Jerusalem*

15 God wey bi dia grand-grand papa God always dey warn dem, bikos E
dey pity for en pipol and Jerusalem wey bi en house. 16 But dem laf God
messenjas, rijet en warnin and en profets. At last, God vex for en pipol
and nobody fit stop am wen E dey vex. 17 E allow Babilon king kill all dia
yong men for dia temple. E nor sorry for di yong men or wimen, or even
di old pipol. God give all of dem to Babilon king. 18 Di king karry all di
tins wey dey God Temple go Babilon; weda di tins big or small, plus all di
tins wey dem keep for God Temple, Israel kings and en ofisas store room.
19 Dem burn God Temple kon skata Jerusalem wall. Dem burn all di towns
wey dem fence kon distroy all dia betta-betta tins.
20 Di king karry all di pipol wey e nor kill go Babilon as slave and dem
serve en and en shidren till Persia kingdom start to reign. 21 So, wetin God
tok thru Profet Jeremaya kon happen. "Dem go abandon di land; di land
go rest well-well until di seventy years don komplete just as God tok am."

### *Jerusalem Pipol*

22 To take fulfil wetin God promise Israel pipol thru Profet Jeremaya, God
kon make King Cyrus for Persia rite law give all of dem for en kingdom
for di first year wen e start to rule.

23 Wetin dem rite na: "King Cyrus for Persia sey: 'Di Oga God wey dey heaven don give mi all di kingdoms for di world. E don choose mi to build temple for am for Jerusalem wey dey Judah. Naw, make all of una wey bi God pipol go back and di Oga una God go dey with una.' "

# Ezra

*King Cyrus Kommand*

1 For di first year wey King Cyrus for Persia dey rule, God make wetin E
tok thru Profet Jeremaya happen. E make King Cyrus rite, send and read
dis kommand for evriwhere for en kingdom, so dat evribody go hear: 2 Dis
na wetin King Cyrus for Persia tok,

> Di Oga God for heaven don make mi rule di whole world and E sey
> make I build temple for am for Jerusalem wey dey Judah. 3 Make God
> dey with all of una wey bi en pipol as una dey go Jerusalem go ribuild
> di Oga wey bi Israel God house and na-im una go woship for Jerusalem.
> 4 Anywhere wey Israel pipol still remain, make dia neighbours help dem.
> Make dem give dem silva, gold, animals and ofrin wey dem go offa for
> God Temple for Jerusalem.

*Israel Pipol Go Jerusalem*

5 Di head for each family for Judah and Benjamin tribe, di priests, Levi
pipol and evribody wey God tosh dia heart kon go back to Jerusalem go
build God Temple. 6 All dia neighbours give dem tins like gold, silva pot,
food, animals, oda betta tins and ofrin wey dem go use take ribuild God
Temple. 7 King Cyrus bring di basins and cups wey King Nebukadnezzar
take from God Temple for Jerusalem kon put dem for en own gods temple.
8 E give dem to Mitredat, di oga wey dey hold di palis money and e kount
evritin give Sheshbazzar wey bi di govnor for Judah.

9 Di tins wey e kount na: 30 gold basin and 1,000 silva basin for ofrin
and 29 oda basin. 10 Di oda tins na 30 small gold basin, 410 small silva
basin and di oda tins to take kook, na 1,000. 11 Evritin kon bi 5,400 gold,
silva and oda tins and Sheshbazzar karry dem follow body as en and di
pipol dey komot from Babilon go Jerusalem.

# 2

*Doz Wey Go Back*

1 Dis na di pipol wey from Babilon go back to Jerusalem and Judah.
And each of dem go back to en town. Dia family dey Babilon since King
Nebukadnezzar take dem go der as prisonas. 2 Dia leaders na Zerubabel,
Jeshua, Nehemaya, Seraya, Reelaya, Mordekai, Bilshan, Mispar, Bigvai,
Rehum and Baanah. Dis na di list and di nomba of pipol from each family
for Israel wey kom back from Babilon:

3 Parosh family na 2,172, 4 Shefataya family na 372,
5 Arah family na 775, 6 Pahat-Moab (Jeshua and Joab shidren-shidren) na 2,812,
7 Elam family na 1,254, 8 Zattu family na 945,
9 Zakkai family na 760, 10 Bani family na 642,
11 Bebai family na 623, 12 Azgad family na 1,222,
13 Adonikam family na 666, 14 Bigvai family na 2,056,
15 Adin family na 454, 16 Ater (wey kom from Hezekaya family), en family na 98,

[17] Bezai family na 323, [18] Jorah family na 112,
[19] Hashum family na 223, [20] Gibbar family na 95.
[21] Betlehem men na 123, [22] Netofat men na 56,
[23] Anatot men na 128, [24] Azmavet men na 42,
[25] Kiriat-Jearim, Kefirah and Beerot men na 743, [26] Rama and Gibeah men na 621, [27] Mikmash men na 122,
[28] Bethel and Ai men na 223, [29] Nebo family na 52, [30] Magbish family na
156, [31] Di oda family for Elam na 1,254,
[32] Harim family na 320, [33] Lod, Hadid and Ono men na 725,
[34] Jeriko men na 345, [35] Hassenaah family na 3,630.
[36] Dis na di list of di priests family wey kom back from Babilon:
Jedaya (wey bi Jeshua shidren-shidren) and dem bi 973,
[37] Imma family na 1,052, [38] Pashhur family na 1,247,
[39] Harim family na 1,017.

[40] Levi family wey kom back from Babilon na: Jeshua and Kadmiel (wey bi Hodevah shidren-shidren) na 74.

[41] Di temple muzicians (wey bi Asaf shidren-shidren) na 128.

[42] Di temple guards (wey bi Shallum, Ater, Talmon, Akkub, Hatita and Shobai shidren-shidren) na 139.

[43] Di pipol wey dey work for di temple, wey kom back from Babilon,
dia family na: Ziha, Hasufa, Tabbaot, [44] Keros, Siaha, Padon, [45] Lebanah,
Hagabah, Akkub, [46] Hagab, Shamlai, Hanan, [47] Giddel, Gahar, Reaaya,
[48] Rezin, Nekoda, Gazzam, [49] Uzza, Paseah, Besai, [50] Asnah, Meunim,
Nefusim, [51] Bakbuk, Hakufa, Harhur, [52] Bazlut, Mehida, Harsha, [53] Barkos,
Sisera, Temah [54] Nezaya and Hatifa.

[55] Solomon savants families wey kom back from Babilon na: Sotaya, Hassoferet, Peruda, [56] Jaalah, Darkon, Giddel, [57] Shefataya, Hattil, Pocheret-Hazrebaim and Ami.

[58] All di pipol wey dey work for di temple and Solomon savant shidren-shidren wey kom back, na 392.

[59] Dis na di ones wey kom from Tel-Melah, Tel-Harsha, Kerub, Addon and Imma (aldo dem nor fit show weda dem really kom from Israel tribe),
di family na: [60] Delaaya, Tobaya and Nekoda shidren-shidren and dem bi 652.

[61] Dis na some among di priests family wey dem nor fit show sey dem bi Israel pipol: Hobaaya, Hakkoz, Barzillai (wey marry one of Barzillai dotas, wey bi Gilead pesin and e kon dey ansa en fada-in-law name.)

[62] Since dem nor fit prove who dia grand-grand papa bi, dem nor kon
asept dem as priest. [63] So di govnor tell dem sey dem nor go fit chop di food wey dem offa give God, until di land don get priest wey go use Urim and Tummim.

[64] Di total pipol wey kom back from Babilon na 42,360. [65] Even doh dem nor kount di men and wimen savant, dem still bi 7,337 wey kom back. Di
men and wimen muzicians na 200. [66] Horse na 736, melu na 245, [67] Kamels
na 435 and donkey na 6,720.

[68] Wen di pipol rish God Temple for Jerusalem, some among di leaders for each family drop ofrin from dia mind make dem join am take ribuild
God Temple for Jerusalem. [69] Dem give di amount wey dem fit give for di work and di total na: 61,000 pounds for gold, 5,000 pounds for silva and 100 garment for di priests.

70 Di priests, Levi pipol and some of di pipol, di singas, di temple guards
and di temple workers stay for di town wey dey near Jerusalem; while
di remainin Israel pipol stay for di towns wey dia grand-grand papa stay
before.

# 3

### *Di Pipol Start To Woship*

1 For di sevent mont wey Israel pipol don dey stay for dia towns, all of
dem kon gada for Jerusalem 2 and Jeshua wey Jehozadak born, en fellow
priests, Zerubabel wey bi Shealtiel pikin and en family membas kon build
di Oga wey bi Israel God altar back, so dat dem go fit dey burn sakrifice
for der akordin to wetin dem rite for God savant, Moses Law. 3 Even doh
di pipol wey kom back from Babilon dey fear doz wey dey di land, dem
still build di altar put for where e dey before. So dem start to burn di
normal morning and evening sakrifice for der. 4 Dem celebrate Shelta
Festival akordin to wetin dey di law and evriday, dem dey offa di sakrifice
wey dem suppose offa 5 with di regular sakrifice, both for di New Moon
Festival and di oda feast to take woship God. Di pipol dey still give ofrin
to God from dia mind. 6 Aldo di pipol neva start to ribuild di temple, but
dem start to burn sakrifice give God for di first day for di sevent mont.

### *Dem Ribuild Di Temple*

7 So di pipol give money to take pay doz wey dey mold block with di
karpenters. Dem send food, drink and olive oil go Tyre and Sidon, so dat
dem go give dem cedar trees from Lebanon. Dem karry di trees pass Joppa
wotaside and na King Cyrus for Persia allow dem do all dis tins.

8 So dem start work for di sekond mont for di year afta dem kom back
to Jerusalem where di temple dey. Zerubabel wey Shealtiel born, Jeshua
wey Jozadak born, plus all di pipol, di priests and Levi pipol wey kom back
from Babilon kon join do di work. Dem put Levi pipol wey don rish twenty
years or wey don old pass dat age small make dem dey supavise di work.
9 Jeshua wey kom from Levi tribe, en sons and family membas, Kadmiel
and en sons (wey bi Hodevah family) join ribuild di temple. (Henadad
family wey bi Levi pipol, help dem too.)

10 Wen di men start di temple foundashon, di priests wear dia garment,
stand for dia pozishon kon hold dia trumpet for hand. Levi pipol wey
kom from Asaf family still stand der too with dia cymbals. Dem praiz God
akordin to wetin dem rite down for King David time. 11 Dem sing praiz
God sey:

God dey good
and en love for Israel
nor dey end.

Evribody kon bigin shaut praiz God with all dia pawa, bikos dem don start
work for di temple. 12 Many of di priests, Levi pipol and di head for each
family wey bin si di first temple kon dey kry well-well as dem start to
ribuild di temple. But di odas dey happy. 13 Nobody know who dey happy
or kry, bikos di nois wey dem dey make, loud well-well and dem dey hear
am from far.

# 4

*Judah Enemies*

1 Wen Judah and Benjamin enemies hear sey doz wey kom back from
Babilon, dey ribuild di Oga wey bi Israel God Temple, 2 dem go meet
Zerubabel and di leaders kon tell dem, "Make una allow us join una ribuild di temple. Bikos wi dey woship di same God wey una dey woship and wi dey offa sakrifice to am ever since King Esarhaddon for Assyria send us kon stay here."
3 Den Zerubabel, Jeshua and di leaders kon tell dem, "Wi nor nid una help to ribuild di Oga awa God Temple. Wi go build am by awasef, just as King Cyrus for Persia sey make wi do."
4 Den di pipol wey dey stay di land before won kon try to diskorage and
put fear for Judah pipol mind, so dat dem nor go build di temple. 5 Dem
still go bribe Persia ofisas, so dat dem go attack Judah pipol. Dem kontinue to dey do like dis thru-out di time wey Cyrus dey rule and dem do am enter King Darius time.

*Dem Komplain Against Judah*

6 Wen King Zazes start to rule, Judah enemies wey dey stay for Judah and Jerusalem kon go komplain against dem.
7 And wen King Atazazes dey rule for Persia, Bishlam, Mitredat, Tabeel and some pipol wey dey follow dem, rite leta go give di king. Dem rite di leta for Aramaik language, but dem go tok di meaning wen dem dey read am.
8 Rehum too wey bi di govnor and Shimshai, di aria seketry kon rite dis leta about Jerusalem go give King Atazazes sey:

9 "From Rehum wey bi di govnor and Shimshai di aria seketry; from di judge dem and all di ofisas from Erech, Babilon and Shushan wey dey
Elam land, 10 with di pipol wey di great and pawaful Ashurbanipal karry from dia town go stay Samaria and West Eufrates aria.

11 "(Dis na wetin dem rite for di leta)

To King Atazazes and from en savants, di pipol for West Eufrates.

12 Wi wont make di king know sey Jew pipol wey kom from yor oda aria, don dey stay for Jerusalem and dem dey build dat evil and yeye town back. Dem don start to build di wall and go soon finish am.

13 Awa oga, if dem build dis town back kon komplete di wall, di pipol go stop to pay tax and di money wey yu dey get for di palis bag, nor
go rish again. 14 Naw, bikos of di way wi dey loyal to yu, wi nor won
si sey anybody disrespet di king, so wi dey sugest sey, 15 make yu orda make dem search for di rekord wey yor grand-grand papa keep. If yu do am, yu go si sey, before-before, di town too like wahala and e don give kings, kingdoms and rulers, many trobol. Di pipol for der, dey hard
to rule and na dis make dem distroy di town. 16 So wi bilive sey, if dem build di town back kon komplete di wall, awa oga nor go fit kontrol West Eufrates aria again."

17 Di King kon ansa dem:

"To Rehum di govnor; Shimshai di aria seketry; doz wey dey stay Samaria and di remain part for West Eufrates: I dey greet una.

18 Dem don translate and read di leta wey una send kon give mi and
19 I don orda sey make dem find out and dem sey, na true sey Jerusalem

dey go against royal authority before; na so-so trobol dem dey find and
pipol wey nor dey obey di law, full der. 20 Kings wey get pawa don rule
for der before and dem rule di whole West Eufrates aria, dey kollect tax
and oda money. 21 So, make una stop to ribuild di town until I kommand
make dem build am again. 22 Naw, make una go do wetin I tok, so dat
my kingdom go get peace."

23 As soon as dem just read di leta wey King Atazazes send go give
Rehum, Shimshai and di pipol, dem kon rush go Jerusalem go force and
stop Jew pipol to ribuild di town.

24 So dem stop to build di temple until di sekond year wen King Darius
dey rule for Persia.

# 5

### *Temple Work*

1 Dat time, two profet wey dia name bi Haggai and Zekaraya wey Iddo
born kon start to prish with Israel God name give Jew pipol wey dey stay
for Judah and Jerusalem. 2 Wen Zerubabel, Shealtiel pikin and Jeshua wey
Jozadak born hear dia message, dem kon start to ribuild di temple for
Jerusalem and di two profet help dem.

3 At wons, govnor Tattenai for West Eufrates, Shetar-Bozenai and dia
ofisas kom Jerusalem kon ask: Who orda una sey make una start to ribuild
dis temple and komplete am? 4 Dem still ask, Di pipol wey help una dey
ribuild dis temple so, wetin bi dia names? 5 But God dey with Jew leaders,
so Persia leaders nor kon do anytin until dem rite go give King Darius kon
hear wetin e go tok.

6 Dis na di ripot wey dem send go give di king:

7 "To King Darius, make peace dey yor kingdom.

8 Awa oga, wi wont make yu know sey wi go Judah aria kon si sey dem
dey build di great God Temple with big-big block kon use iron wood take
do pilas for di wall. Dem dey do di work with kare and e dey go well.

9 So wi ask dia leaders sey, Who orda una make una ribuild di temple
and komplete am? 10 Wi still ask for names, so dat wi go fit tell yu di
pipol wey dey lead dem do di work.

11 But dem ansa,

Wi bi God for heaven and eart savants and wi dey ribuild di temple
wey one pawaful king for Israel build before. 12 But bikos awa
grand-grand papa dem make God for heaven vex, E kon allow King
Nebukadnezzar for Babilon, wey dey rule Kaldean kingdom, attack and
distroy di temple kon karry di pipol go Babilon as prisonas.

13 Den for di first year wen King Cyrus dey rule for Babilon, e kon
orda sey make wi go ribuild di temple. 14 E riton di gold and silva tins
(wey Nebukadnezzar take from di temple for Jerusalem go put for en
own temple for Babilon).

King Cyrus riton di tins give one man wey dem dey koll Sheshbazzar,
wey e choose as govnor for Judah. 15 Di king sey make e put di tins back
for di temple for Jerusalem and ribuild di temple for where e bin dey.
16 So Sheshbazzar kon lay di foundashon and na since den wi don dey
ribuild, but wi neva fit finish am.

17 Naw, awa oga, if yu like, make yu orda for di royal rekord for Babilon weda yu go si if King Cyrus really give orda sey make dem ribuild di temple for Jerusalem and den, make yu tell us wetin yu si for dis matter."

# 6

*Darius Kommand*

1 So King Darius kon orda sey make dem go search di royal rekord wey
dem keep for Babilon. 2 But na for Ekbatana town for Media aria naim
dem for si one book wey get dis rekord:

3 For di first year wen King Cyrus dey rule, e kommand sey make dem ribuild di temple for Jerusalem as di place where dem for go dey offa sakrifice and burnt ofrin.

E sey, make di temple high and wide rish ninty-nine fit. 4 Make dem
build di wall with one layer and make wood dey on-top each layer. Na di
pesin wey dey keep di royal money, go pay for evritin. 5 Make dem still
riton all di gold and silva tins wey King Nebukadnezzar karry from di temple for Jerusalem kom Babilon. Make dem put dem for God temple, di place where dem dey before.

*King Darius Ansa*

6 Den King Darius ansa:

To Tattenai, di govnor for West Eufrates, Shetar-Bozenai and una ofisas
for der, make una nor go near di temple 7 and nor tok as dem dey build
am. Make una allow di govnor for Judah and di leaders ribuild God Temple as e bi before.

8 I kommand una naw sey, make una help dem ribuild di temple.

Di palis go use di tax wey dem kollect from West Eufrates take pay
for evritin, so dat nor-tin go stop di work. 9 Una must give di priest for
Jerusalem anytin wey dem tell una sey dem wont: yong melu, sheep or lamb wey dem go burn as ofrin give di Oga God wey dey heaven or even
if na wheat, salt, wine or olive oil dem nid for dia ofrin. 10 Una must give
dem dis tins, so dat dem go fit offa sakrifice wey God wey dey heaven go asept and pray make E bless mi and my sons.

11 So, I kommand sey if any of una nor obey dis orda, dem go komot one wood pila from en house, sharp one side, den take am shuk di pesin
die. And dem go turn di house to where dem dey trowey dirty put.
12 Make di God wey choose Jerusalem as di place where dem go for woship am ova-trow any king or nashon wey nor obey dis kommand or won try distroy di temple.

Mi, Darius don kommand and una must obey my kommand go rish di end.

13 Den govnor Tattenai, Shetar-Bozenai and dia ofisas kon do evritin wey
di king kommand. 14 Jew leaders kon dey progress well-well as dem dey
build di temple, wey profet Haggai and Zekaraya enkourage dem to build. Dem komplete di temple, just as Israel God, King Cyrus, King Darius and
King Atazazes for Persia kommand sey make dem do. 15 Dem finish di
temple for di third day for Adar mont (First mont) for di sixt year wen King Darius dey rule.

16 Den Israel pipol, di priests, Levi pipol and all di oda pipol wey kom
back from Babilon kon dedikate di temple with joy. 17 For di dedikashon,

dem offa 100 melu, 200 sheep and 400 lamb as sakrifice and 12 goat as
ofrin for sin, one for each tribe for Israel. [18] Dem still arrange di priests
and Levi pipol wey go dey serve for di temple for Jerusalem, just as dem
rite am for Moses Law.
[19] Di pipol wey kom back from Babilon celebrate Passova for di fourteent
day for di first mont. [20] All di priest and Levi pipol kon santify demsef.
Levi pipol kill di animals wey dem use for di Passova sakrifice for evribody
wey kom back from Babilon; for di priests and for demsef. [21] Den Israel
pipol wey kom back, chop di sakrifice with doz wey don stop to serve di
juju wey di pipol wey dey di land before, dey serve. All of dem kon woship
di Oga wey bi Israel God. [22] Dem happy well-well as dem dey celebrate di
Bread wey nor get Yist Feast, for seven days. Belle sweet dem well-well,
bikos God shange Assyria king karata and e kon support dem as dem dey
ribuild Israel God Temple.

# 7

### *Ezra Kom Jerusalem*

[1] Afta all dis tins don happen, for di time wen King Atazazes dey rule
Persia, one man wey en name na Ezra kon kom from Babilon. E trace
en grand-grand papa family kon know sey e kom from Aaron, di High
Priest family. Ezra na Seraya pikin and na Zabud wey Hilkaya born, bi
Seraya papa. [2] Na Shallum born Hilkaya. Zadok wey Ahitub born, na-im
bi Shallum papa. [3] Na Amaraya born Ahitub and na Zabud bi Amaraya
papa. Na Meraiot born Zabud. [4] Zerahaya wey bi Uzzi pikin, na-im bi
Meraiot papa. Bukki born Uzzi, [5] and na Abishua wey Finehas born bi
Bukki papa. Eleazar wey bi Aaron pikin, na-im bi Finehas papa. [6] Ezra go
skool and e know di law wey di Oga wey bi Israel God give Moses, well-
well. Bikos God dey with Ezra, di king dey gi-am evritin wey e ask for.
[7] For di sevent year wey Atazazes dey rule, Ezra komot from Babilon go
Jerusalem with some Israel pipol and some among dem na priests, Levi
pipol, doz wey dey sing for di temple, temple guards and workers.
[8] Dem komot from Babilon for di first day for di first mont [9] and with
God help, dem rish Jerusalem for di first day for di fift mont. [10] Ezra main
work na to dey study God law, pratise am and tish Israel pipol how to obey
God.

### *King Atazazes And Ezra*

[11] King Atazazes give dis leta to Ezra wey bi priest, wey sabi read and
know evritin about di law and kommand wey God give Israel pipol:

[12] From Atazazes wey bi king of all kings to Priest Ezra wey know God
for heaven law well-well: I greet yu.

[13] I dey kommand sey for evriwhere for my kingdom, make Israel
pipol, priests, Levi pipol and doz wey like to go, follow yu go Jerusalem.
[14] Mi and my seven advisers dey send yu go shek wetin dey happen for
Jerusalem and Judah and to si weda dem dey obey yor Oga God law wey
dey yor hand. [15] Yu go take di gold and silva ofrin follow body, bikos na
mi and my seven advisers won gi-am to Israel God, wey en temple dey
Jerusalem. [16] Make yu still take all di gold and silva wey yu fit kollect
from Babilon and di ofrin wey Israel pipol and dia priests give for dia
Oga God Temple for Jerusalem. [17] Yu must spend di money well kon buy

bulls, rams, lamb, korn and wine, den make yu offa dem for di altar for
di temple wey dey Jerusalem.
18 Yu fit use di silva and gold wey remain take do wetin yu and yor
kountry-men like, so-far na as God wont am. 19 Make yu show yor pipol
evritin wey wi give yu, so dat dem go gi-am to God for di temple for
Jerusalem. 20 Yu fit still kollect anytin wey yu wont for di temple from
di palis propaty.
21 I kommand sey make all di ofisas wey dey keep money for West
Eufrates aria provide for Priest Ezra wey know God for heaven law.
Make una give dem 22 7,500 silva pound, 100 bags for wheat, 100 gallon
for wine, 100 gallons for olive oil and plenty salt. 23 Yu must do evritin
wey God for heaven wont for en temple kon make sure sey, E nor ever
vex for mi and doz wey go rule afta mi. 24 Nor kollect any tax from di
priests, Levi pipol, muzicians, guards or doz wey dey work for di temple.
25 As for yu Ezra, make yu use di wisdom wey yor God give yu, take
choose ofisas and judge wey dey obey God and na dem go rule di pipol
for West Eufrates. Yu must tish evribody wey nor know di law. 26 Make
dem ponish anybody wey nor obey yor God law or di law for di kingdom:
dem go kill or porshu di pesin komot from di town. Dem fit seize en
propaty or put am for prison.
27 Ezra kon sey, Make wi praiz di Oga, wey bi awa grand-grand papa
dem God! Na-im make di king honor God Temple for Jerusalem like dis.
28 E still don let mi get favor from di king, en advisers and en ofisas wey
get pawa well-well. Di Oga my God don give mi strent so I gada leaders
among Israel pipol for Babilon wey go follow mi go back to Jerusalem.

# 8

*Ezra And Di Leaders*

1 Dis na di leaders wey bi prisonas for Babilon and wey follow Ezra go
back to Jerusalem, wen Atazazes bi king:
2 Gershom from Finehas family;
Daniel from Itama family;
Hattush (Shekanaya pikin) from David family;
3 Zekaraya from Parosh family with 150 men from en family (dem get di rekord about dis family);
4 Zerahaya pikin, Eliehoenai from Pahat-Moab family, with 200 men;
5 Jahaziel pikin, Shekanaya from Zattu family, with 300 men;
6 Jonatan pikin, Ebed from Adin family, with 50 men;
7 Atalaya pikin, Jeshaya from Elam family, with 70 men;
8 Mikael pikin, Zebadaya from Shefataya family, with 80 men;
9 Jehiel pikin, Obadaya from Joab family, with 218 men;
10 Josifaya pikin, Shelomit from Bani family, with 160 men;
11 Bebai pikin, Zekaraya from Bebai family, with 28 men;
12 Hakkatan pikin, Johanan from Azgad family, with 110 men;
13 Elifelet, Jeiel and Shemaya from Adonikam family, with 60 men (dis pipol leta go meet Ezra for Jerusalem);
14 Utai and Zakkur, from Bigvai family, with 70 men.

*Dem Travel Go Jerusalem*

15 I gada dem for di river wey dey rush go Ahava Town and wi stay der
for three days. I si sey some priests dey among di pipol, but Levi pipol nor
dey. 16 I kon sey make dem go koll nine leaders kom and dem bi: Elieza,
Ariel, Shemaya, Elnatan, Jarib, Elnatan, Natan, Zekaraya and Meshullam
and two tishas wey bi Joiarib and Elnatan. 17 I send dem go meet Iddo, di
kommunity leader wey dey Kasifaya, make dem ask en and en ofisas, doz
wey dey work for di temple, so dat dem go send some pipol kom wey go
serve God for di temple. 18 Bikos di good God hand dey with us, dem kon
send Sherebaya, one strong man from Levi tribe for Mahli family and 18
of en sons and brodas follow am kom. 19 Dem still send Hashabaya and
Jeshaya, from Merari family, with 20 of dia relashon. 20 Di total kon bi
220 temple workers wey King David and en ofisas choose dia grand-grand
papa to help Levi pipol. Dem rite all dia name down.

21 For where wi dey for Ahava River, I kon orda sey make all of us fast
and honbol awasef before God and make wi ask am make E lead and protet
us, awa shidren, all awa propaty and for awa journey. 22 I dey shame to
ask di king make e give us some sojas wey go guide us from awa enemies
as wi dey travel, bikos I tell am sey, Awa God dey bless anybody wey trust
am, but E dey ponish and vex with anybody wey turn from am. 23 So wi
fast and pray make God protet us and E ansa awa prayers.

24 Den I choose Sherebaya and Hashabaya and ten oda pipol among di
priest wey dey lead. 25 So I measure di gold, di silva and di oda tins wey di
king, en advisers, ofisas and Israel pipol give make dem use for di temple
kon give dem to di priests. 26 Dis na wetin I give: 650 silva, 100 silva kishin
tins, 100 gold koin, 27 20 gold bowls wey heavy rish 1,000 gold koin, 2 fine
bronze bowls wey dear like one gold bowl.

28 Den I tell dem, "Bikos una dey holy to God, wey bi una grand-grand
papa God, na so too all di gold and silva tins wey dem bring kon gi-am as
ofrin, must dey holy." 29 So make una guide dem with kare until una rish
di temple. If una rish di priest room, make una measure dem kon give
dem to di priests, Levi pipol, Israel and Jerusalem leaders. 30 So di priests
and Levi pipol kon karry di silva, gold and di oda tins, go di temple for
Jerusalem.

31 Na for di twelft day for di first mont naim wi komot from Ahava River
kon start to go Jerusalem. Awa God dey with us and E protet us from
enemies make dem nor attack and set trap for us as wi dey travel. 32 Wi
rest for three days, wen wi rish Jerusalem.

33 Den wi kon go di temple for di fourt day, measure di gold, silva and
di oda tins kon gi-am to Priest Meremot wey Uriaya born. Eleazar wey bi
Finehas pikin and two Levi pipol; Jozabad wey Jeshua born and Noadaya
wey Binnui born, dey der with am. 34 Dem measure and kount evritin and
dem get di komplete rekord at wons.

35 All di pipol wey kom back from Babilon bring ofrin wey dem won
sakrifice give Israel God. Dem offa 12 bull for Israel pipol, 96 ram and 77
lamb; dem still offa 12 goat to klean demsef from sin. Dem burn all dis
animals as sakrifice give God. 36 Dem still take di dokument wey di king
give dem kon gi-am to di govnors and ofisas wey dey West Eufrates aria
and dem too kon dey support di pipol and God Temple.

# 9

*Ezra Prayer*

1 Afta dem don do all dis tins finish, some among Israel leaders kom meet
and tell mi, Di pipol, di priest and Levi pipol neva separate demsef from
di pipol wey dey di kountries wey near dem. Dem still dey do tins with
Ammon, Moab, Egypt, Kanaan, Hit, Periz, Jebus and Amor pipol. Dem dey
do di same yeye tins wey doz pipol dey do. 2 Jew men dey marry wimen
wey bi strenjas, so dem don dirty God pipol wey dey holy and na di leaders
and ofisas dey do dis tins pass.

3 Wen I hear dis tins, I vex tear my klot, kut my hair and bear-bear kon
sidan for groun dey mourn. 4 Den all di pipol wey dey respet and fear God
word kon sidan with mi too bikos of di bad tin wey di pipol do. I sidan
der kon dey mourn until wen dem won do di evening sakrifice.

5 Wen di time don rish for di evening sakrifice, I get up from where I
sidan, but I still wear my tear-tear klot kon knee down, stresh my hand to
di Oga my God kon pray. 6 I sey,

My Oga God, I dey shame to raiz my head for yor front. Awa sins high
pass awa head; dem even high rish heaven. 7 From awa grand-grand
papa time kon rish naw, wi wey bi yor pipol don sin well-well. Na bikos
of awa sin, wi, awa kings and priests, fall for strenj kings hand and dem
kill, tif and karry us go as prisonas. Dem don disgrace us well-well as
wi dey today.

8 "But naw, for dis short time, awa Oga God, Yu don trit us well kon
stop some of us to bi slave and wi dey live for peace for dis Holy Place.
Yu don remove us from slave work kon give us new life. 9 Even doh
wi bi slave before, Yu nor leave us as slave. Yu make Persia king favor
us kon allow us go ribuild yor temple wey skata and make wi wey dey
Judah and Jerusalem get peace.

10 But naw, awa God, wetin wi fit tok afta evritin wey don happen? Wi
don disobey di kommand 11 wey Yu give us thru yor savants di profet.
Dem tell us sey di land wey wi go stay nor dey klean, bikos di pipol wey
dey stay der, dey do many-many dirty tins. 12 Dem tell us sey if wi won
stay der for peace and leave am for awa shidren-shidren forever, make
wi nor marry doz pipol or help dem prosper.

13 Even afta di ponishment wey don happen to us bikos of awa sin,
wi still know sey Yu, awa God, dey sorry for us, bikos even doh Yu
dey ponish us, Yu still help us survive am. 14 So, how wi go forget yor
kommand again kon go marry doz wiked pipol? If wi do am, Yu go vex
kon distroy us finish and nobody go survive. 15 Awa Oga wey bi Israel
God, Yu dey good. Wi, yor savants wey remain, kom meet Yu and wi
dey konfess awa sins. Aldo wi nor get any rite to kom yor present again
afta evritin wey wi don do."

# 10

*Di Pipol Konfess Dia Sin*

1 Wen Ezra dey pray, kry and konfess all dis sins for di temple front,
many pipol, both men, wimen and shidren stand round kon join am dey
kry. 2 Den Shekanaya wey bi Jehiel pikin wey kom from Elam family kon
tell Ezra, "Wi nor dey faithful to God, bikos wi go marry doz strenj wimen,

but even with dat, Israel still get hope. 3 Naw wi must make promise give
awa God sey wi go send doz wimen and dia shidren go. Wi go do anytin
wey yu and di odas wey dey respet God advise sey make wi do. Wi go do
wetin God law kommand. 4 So make yu get up, bikos na yor rite to take
akshon. Wi dey yor back, so go do as yu fit sey God wont."

5 So Ezra get up kon make di leaders among di priests, Levi pipol and all
Israel pipol swear sey dem go do anytin wey Shekanaya tok. 6 Den e get
up from di temple front kon enter Jehohanan wey bi Eliashib pikin room.
E dey der thru-out dat nite dey kry for di pipol sin. E nor chop or drink
anytin.

7 Den, dem kon send message go evriwhere for Jerusalem and Judah sey
make evribody wey kom back from Babilon gada for Jerusalem. 8 Anybody
wey nor kom before three days finish, dem go seize all en propaty and e
go luz en rite as memba for di kommunity.

9 Before di days finish, for di twenteth day for di ninet mont, all di pipol
wey dey stay for Judah and Benjamin aria kom gada for Jerusalem for
di temple front. Heavy rain dey fall, so evribody kon dey fear, bikos of
di weda and di matter wey make dem gada. 10 Priest Ezra stand up kon
tell dem, "Una don kommit strong sin as una go marry doz wimen wey bi
strenjas. Una don add join Israel wahala. 11 Naw, make una konfess una
sins give di Oga wey bi una grand-grand papa God kon start to do wetin
go make belle sweet am. Make una separate unasef from doz strenjas wey
dey for awa land and drive all una wife wey nor kom from Israel tribe."

12 So di pipol shaut ansa, "Wi go do anytin wey yu tok. 13 And dem
still sey, Di crowd too many and heavy rain dey fall. Wi nor go fit stand
for outside like dis. Dis nor bi wetin wi go fit finish for one or two days,
bikos wi many wey kommit dis sin. 14 Make awa leaders handle di matter.
Den make doz wey marry woman from anoda kountry, kom gada with di
leaders and judge dem for di town for di time wey dem gri sey make wi
meet, until God nor go dey vex for us again." 15 Nobody tok against dis
plan escept Jonatan wey Asahel born; Jahzeaya wey bi Tikvah pikin and
Meshullam and Shabbetai wey bi Levi, dey support dem too.

16 Di pipol wey kom back from Babilon asept di plan, so Priest Ezra kon
choose some men from among di leaders den rite dia names down. So
dem sidan togeda for di first day for di tent mont kon tok about di matter
17 and for di first day for di first mont, dem judge all di men wey marry
wimen from anoda kountry.

### *Doz With Strenjas As Wife*

18 Dis na di names of di men wey marry wimen from anoda kountry:
From di priests akordin to dia family:

From Jeshua and en brodas Jehozadak family: Maaseaya, Elieza, Jarib
and Gedalaya. 19 Dem promise sey dem go divorce dia wifes and dem
offa ram as sakrifice for dia sins.

20 From Imma family: Hanani and Zebadaya.

21 From Harim family: Maaseaya, Elijah, Shemaya, Jehiel and Uzzaya.

22 From Pashhur family: Elioenai, Maaseaya, Ishmael, Netanel, Jozabad
and Eleasah.

23 From Levi family: Jozabad, Shimei, Kelaya (wey dem still dey koll
Kelita), Petahaya, Judah and Elieza.

24 Doz wey dey sing: Eliashib. Di temple guards na: Shallum, Telem and Uri.
25 Odas name na: From Parosh family: Ramaya, Izzaya, Malkijah, Mijamin, Eleazar, Makijah and Benaya.
26 From Elam family: Matanaya, Zekaraya, Jehiel, Abdi, Jerimot and Elijah.
27 From Zattu family: Elioenai, Eliashib, Matanaya, Jerimot, Zabad and Aziza.
28 From Bebai family: Jehohanan, Hananaya, Zabbai and Atlai.
29 From Bani family: Meshullam, Malluk, Adaya, Jashub, Sheal and Jerimot.
30 From Pahat-Moab family: Adna, Kelal, Benaya, Maaseaya, Matanaya, Bezalel, Binnui and Manasseh.
31 From Harim family: Elieza, Isshaya, Malkijah, Shemaya, Simeon
32 Benjamin, Malluk and Shemaraya.
33 From Hashum family: Mattenaya, Matatta, Zabad, Elifelet, Jeremai, Manasseh and Shimei.
34 From Bani family: Maadai, Amram, Uel, 35 Benaya, Bedeaya, Keluhi
36 Vanayah, Meremot, Eliashib 37 Matanaya, Mattenaya and Jaasu.
38 From Binnui family: Shimei, 39 Shelemaya, Natan, Adaya,
40 Maknadebai, Shashai, Sharai, 41 Azarel, Shelemaya, Shemaraya,
42 Shallum, Amaraya and Josef.
43 From Nebo family: Jeiel, Mattitaya, Zabad, Zebina, Jaddai, Joel and Benaya.
44 Na all dis men marry wimen from anoda kountry. Dem divorce dem kon porshu dem and dia shidren kom from Israel.

# Nehemaya

*Nehemaya Prayers*

1 Dis na di tins wey Hakalaya pikin, Nehemaya do.

For di twenteth year, for Kislev mont, wen Atazazes bi king for Persia,
mi, Nehemaya, dey Shushan, wey bi di palis. 2 Dat time, one among my
brodas wey en name na Hanani, kom from Judah with some oda men, so
I ask dem about Jerusalem town and awa pipol wey go back to Jerusalem
from Babilon.

3 Dem kon tell mi, "Tins hard for di pipol wey kom back. Dem dey for
big trobol and disgrace. Dem neva fit ribuild Jerusalem wall and di gate
wey awa enemies burn, still dey groun."

4 Wen I hear all dis tins, I sidan kry well-well and I nor chop for many
days. Den I pray to God sey,

5 "Oga God for heaven! Yu big well-well and wi dey fear Yu. God wey
keep en promise with doz wey love and dey do wetin E kommand. 6 My
Oga God, make Yu look mi kon hear my prayers for yor savants, Israel
pipol, both for day and nite. I konfess sey wi, Israel pipol don sin. Wi
and awa grand-grand papa dem don sin. 7 Wi don do many wiked tins
against Yu and wi nor do wetin Yu kommand sey make wi do. Wi nor
keep di laws wey Yu give us thru yor savant Moses.

8 Make Yu remember wetin Yu tell Moses wen Yu sey, 'If una nor dey
faithful to mi, I go skata una go oda nashons. 9 But if una turn back from
una sin kom meet mi and do wetin I kommand una, I go bring una kom
di place wey I don choose sey una go for woship mi, even doh una skata
for evriwhere for dis world.'

10 My God, dis pipol na yor savants and pipol. Na Yu save dem with
yor great pawa. 11 Make Yu listin to di prayers wey mi and yor savants
wey dey honor Yu, dey pray. Make Yu help mi today, so dat di king go
sorry for mi."

For dat time, na mi dey serve di king wine.

## 2

*Nehemaya Go Jerusalem*

1 Den for Nisan mont for di twenteth year wen King Atazazes dey rule.
As e dey chop, I go gi-am wine and bikos e neva si my face like dat before,
2 e kon ask, "Why yor face bi like who dey sick even doh yu nor sick? Dis
one mean sey yu nor dey happy!"

I kon bigin fear 3 so I tell di king, "My king, make yu live forever! Wetin
nor go make my face look like who dey sick wen e bi sey dem skata and
burn di gates for di town where dem beri my grand-grand papa put."

4 Den di king ask, "Na wetin yu wont naw?"

So I kwik-kwik pray to God wey dey heaven, 5 den I ansa, "If my king
dey happy with mi and go gri do wetin I wont, den make yu allow mi go
Judah town, where dem beri my grand-grand papa dem put, so dat I go fit
ribuild am."

6 Di king and en wife wey sidan near am kon agri. Den e ask mi how
many days I go stay, before I go kom back. So I kon tell am.
7 I still beg am make e give mi letas, make I give di govnors for West
Eufrates aria, so dat dem go allow mi travel well pass dia aria until I rish
Judah. 8 I still ask di king make e give mi leta wey I go give Asaf wey dey
guide di royal forest, so dat e go give mi big-big woods make I take build
di guide gate for di temple, di town wall and di house wey I go stay. So di
king give mi all wetin I wont, bikos God dey with mi. 9 As I dey go West
Eufrates, di king send some soja oga and horse-men follow mi. For der, I
kon give di king letas to di govnors.
10 But wen Sanballat, wey kom from Bet-Horon town and Tobaya, one
offisa for Ammon aria, hear sey somebody don kom help Israel pipol, dem
kon dey vex well-well.

### *Nehemaya Rish Jerusalem*

11 I kon go Jerusalem and for three days, 12 I nor tell anybody wetin God
put for my mind make I kom do for Jerusalem. Den for mid-nite, I wake-up
kon take some among my men follow body with only one donkey wey I
ride.
13 Day neva break well wen I leave di town kon pass thru di Valley Gate
for west go di sout-side, den I pass Dragon Well go di Dirty Gate. As I dey
go, I dey look all di wall wey don break for di town and di gates wey fire
distroy. 14 For di east side for di town, I pass nort go di Well Gate and di
King Pool. Di donkey wey I dey ride nor si enough space to pass, 15 so I
kom down go Kidron Valley as I still dey look di wall dem. Den I pass di
Valley Gate, go back to di town. 16 Di ofisas nor know where I from dey
kom or wetin I go do, bikos I nor tok anytin to my fellow Jew pipol, di
priests, di leaders, di ofisas or any oda pesin wey go join do di work.
17 Den I leta tell dem, "Make una si di kind trobol wey wi dey face, bikos
Jerusalem don skata and en gates don distroy! Make wi ribuild di town
wall, so dat shame go komot from awa eye." 18 I tell dem how God help
and dey with mi. I still tell dem evritin wey di king tell mi.
Di pipol ansa, "Make wi start to ribuild di wall!" So dem kon ready to
start di work.
19 Wen Sanballat, Tobaya and one Arab man wey en name bi Geshem,
hear wetin wi dey plan to do, dem kon dey laf us sey, "Wetin una tink sey
una dey do so? Una won fight against di king?"
20 I ansa dem, "God wey dey heaven go give us viktory. Wi bi en savants
and wi go start to build. But una nor get rite, share or anytin to klaim for
Jerusalem."

# 3

### *Pipol Wey Build*

1 Eliashib wey bi di high priest and en oda priests build di Sheep Gate,
dedikate kon put di doors as dem suppose dey. Dem build go rish di
Hundred Towa and Hananel Towa kon dedikate dem too. 2 Jeriko men
build di next part. And Zakkur wey bi Imri pikin build di next one.
3 Hassenaah sons build di Fish Gate, dem fix di doors, en bolts and
bars. 4 Meremot wey Hakkoz pikin Uriaya born, ripair di next part. While
Meshullam wey Meshezabel pikin Berekaya born, do di next part. Na

Zadok, wey Baanah born, ripair di oda part. [5] Tekoa men do di next part
wey dem give dem, but some among di leaders for di town nor gri do di
work wey dia oga give dem to do.

[6] Joiada wey bi Paseah pikin with Meshullam wey Besodeaya born kon
ripair Jeshanah Gate. Dem fix di doors, en bolts and bars. [7] Melataya wey
kom from Gibeon, Jadon wey kom from Meronot, Gibeon men and Mizpa
kon ripair di next part go rish West Eufrates govnor side. [8] Uzziel wey bi
Harhaya pikin, wey dey melt gold kon ripair di next part. Hananaya wey
dey make perfume, ripair di next side go rish di Broad Wall. [9] Refaaya
wey Hur born, wey dey rule half of Jerusalem aria kon ripair di next part.
[10] Na Jedaya wey bi Harumaf pikin, ripair di side wey dey near en own
house. Hattush wey Hashabneaya born, ripair di next side. [11] Malkijah
wey Harim bi en papa with Hasshub wey bi Pahat-Moab pikin kon ripair
di next part and Ovens Towa. [12] Shallum wey Hallohesh born, wey bi ruler
for di oda half of Jerusalem aria, ripair di next part and en dotas help am
for di work.

[13] Hanun and di pipol wey dey stay Zanoah aria, ripair di Valley Gate.
Dem ribuild am kon fix di doors, en bolts and bars. Dem still ripair di wall
wey bi 1,500 fit wey lead to di Dirty Gate.

[14] Na Malkijah wey bi Rekab pikin, wey bi ruler for Bet-Hakkerem aria,
ripair di Dirty Gate. E ribuild am kon fix di doors, en bolts and bars.

[15] Shallum pikin, Kol-Hozeh, wey bi ruler for Mizpa aria, ripair di Well
Gate. E ribuild and roof am, kon fix di doors, en bolts and bars. For Siloam
Pool, near di royal gardin, e still ripair di wall go rish di road wey lead
to David Town. [16] Nehemaya wey bi Azbuk pikin, wey dey rule half of
Bet-Zur aria, ripair di next side go rish David Grave, with di pool and di
Sojas House.

[17] Levi pipol wey ripair di next parts na, Rehum wey bi Bani pikin, while
Hashabaya wey dey rule half of Keilah aria, ripair di next part for en aria
pipol. [18] Na Binnui wey bi Henadad pikin, wey dey rule di oda half of
Keilah aria, ripair di next part. [19] Ezer wey bi Jeshua pikin, wey bi ruler
for Mizpa, ripair di next part for armoury front, go rish di place where di
wall for turn. [20] Baruk wey Zabbai born, ripair di next part go rish where
dem dey pass enter Eliashib di high priest house. [21] Meremot wey Hakkoz
pikin Uriaya born, ripair di next part go rish di end for Eliashib house.

[22] Na all di priests from di aria wey dey near der, ripair di rest part for
di wall. [23] Benjamin and Hasshub, ripair di next part wey dey front of
dia house. Zabud wey Ananaya pikin Maaseaya born, ripair di next part
wey dey en house front. [24] Na Binnui wey bi Henadad pikin ripair di next
part, from Zabud house go rish di wall korna. [25] Na Palal wey bi Uzai
pikin, ripair di next part from di wall korna and di towa for di king uppa
house wey near di guards kourt. Afta am, na Pedaaya wey bi Parosh pikin
[26] and di temple savants wey dey stay Ofel Hill ripair rish di aria wey dey
opposite di Wota Gate for di east side and di towa wey dey guide di temple.
[27] Afta dem, Tekoa men ripair anoda part wey dey opposite di big towa,
wey guide di temple go rish Ofel wall.

[28] Some priests ripair from top of di Horse Gate and each pesin ripair
front of en own house. [29] Zadok wey bi Imma pikin, ripair di next part,
wey dey front of en house. Shemaya wey Shekanaya born, wey dey guide

di East Gate, ripair di next part. 30 Hananaya wey bi Shelemaya pikin with
Hanun wey bi Zalaf sixt pikin, ripair di oda part. Afta dem, Meshullam wey
bi Berekaya pikin kon ripair di oda side for en house front. 31 Malkijah
wey dey melt gold, ripair di next side go rish di temple savants and di
tradas house, wey dey near Inspeshon Gate go rish di uppa room for di
korna side. 32 Odas wey dey melt gold and di tradas, ripair di last part
from di uppa room wey dey korna, go rish di Sheep Gate.

# 4

*Enemies Tok Against Di Work*

1 Wen Sanballat hear sey, wi Jew pipol don start to dey build di wall, e
kon dey vex and laf us. 2 For en friends and Samaria pipol front, e kon sey,
"Wetin dis yeye Jew pipol tink sey dem dey do? Dem one build di town
again? Dem tink sey, na to offa sakrifice dem go take build di town finish
one day? Dem go fit make stones from di ashes of di tins wey fire burn?"
3 Tobaya wey kom from Ammon stand near am kon sey, "Even fit fox
waka on-top di wall wey dem build, na wons di wall go fall rish groun!"
4 Den I pray, "My Oga God! Make Yu hear as dem dey laf us. Make dia
laf and disgrace fall for dia own head. Make dem tif all di propaty wey
dem get kon karry dem as prisonas go strenj land. 5 Make Yu nor forgive
di bad-bad tins wey dem do and nor forget dia sins, bikos dem don curse
us wey dey build."
6 So, wi kon kontinue to dey build di wall and bikos di pipol dey ready
to work, wi kon almost build am rish half of how e high rish before.
7 Sanballat, Tobaya with Arab, Ammon and Ashdod pipol kon dey vex
well-well wen dem hear sey wi still dey ribuild Jerusalem wall and kover
all di holes wey dey. 8 So, dem plan to attack and kause wahala for
Jerusalem. 9 But wi pray give awa God kon put men wey go dey guide
di place both day and nite.
10 Judah pipol get one song wey dem dey sing: "Doz wey dey work, dia
pawa don fail! Di trobol too mush and bikos of dat, wi nor fit ribuild di
wall."
11 Awa enemies still sey, "Before dem go si or know wetin dey happen,
wi don attack, kill and kause wahala for dem!"
12 So from time to time, Jew pipol wey dey stay among awa enemies, dey
kom tell us di plan wey di enemies dey plan.
13 So I give di pipol swod, bow and arrow kon put some pipol for back
of di walls and some for open space. 14 I si sey di pipol dey worry, so I kon
tell dem, dia ofisas and dia leaders sey, "Make una nor fear awa enemies.
Make una remember how great and mighty God bi, den make una fight
for una brodas, shidren, wifes and una house."
15 Awa enemies hear sey wi don know di plan wey dem dey plan against
us and dem know sey God don make dia plan fail. Den all of us kon go
start to build again.
16 From den go, half among my men dey work and half dey guide, dem
wear war klot and hold spears, shields and bows. And di leaders really
support di pipol 17 wey dey ribuild di wall. Even doz wey dey karry di tins
wey dem take dey work, dey karry am with one hand kon hold swod for
di oda hand 18 and evribody wey dey build, hang swod for dia waist. Di
man wey go blow di trumpet as signal stand near mi.

[19] I tell di pipol and dia ofisas, "Where wi dey work big well-well naim
make us dey far from each oda for di wall. [20] So if una hear di trumpet
nois, make una gada round mi and awa God go fight for us."
[21] So half dey work from morning go rish nite evriday, while di oda half
dey guide. [22] By dis time, I tell di leaders sey dem and di pipol wey dey
help dem, must stay for Jerusalem for nite, so dat wi go fit guide di town
for nite and work for day time. [23] For dis time, mi, doz wey dey follow mi,
my savant and my bodyguards, nor dey shange klot at-all. And all of us
keep awa swod, bow and arrow for where wi go kwik take am even fit na
wota wi dey drink.

# 5

### *Nehemaya Help Poor Pipol*

[1] Afta sometaim, many among Israel pipol, both men and wimen kon
dey komplain about dia own brodas. [2] Some sey, "Wi get big family, so wi
nid enough food wey wi go dey chop, so dat wi nor go die."
[3] Odas sey, "Wi don use awa farm, vineyard and house take-take loan,
so dat wi go get enough food to chop, make honga nor kill us."
[4] Some odas still sey, "Wi borrow money take pay di royal tax for awa
farm and vineyards. [5] Wi bi Jew pipol too, awa shidren bi like dia own
shidren. But wi sell awa shidren as slave give dem. Dem don sell some
among awa dotas as slave. Wi nor get pawa or who go help us, bikos dem
don take awa farms and vineyards from us."
[6] I vex well-well wen I hear dia kry and komplain. [7] Afta I tink about am
well-well, I kon tok against di ofisas and doz wey get money. I tell dem,
"Una dey opress and ponish una own brodas as una dey take intrest wen
dem borrow money from una!" Bikos of dem, I kon koll evribody togeda
make dem tok for di matter. [8] I kon sey, "Just as wi fit, wi don dey buy awa
Jew brodas wey sell demsef give strenjas back. But naw, una by unasef
won sell una own brodas! So how many times wey go buy dem back?"
But di leaders kwayet and nor fit defend diasef.
[9] Den I sey, "Wetin una dey do so nor good! Una nid to respet God and
dey do wetin korrect. Den una nor go give awa enemies wey bi Gentile
pipol, any shance to laf us. [10] Even mi, my brodas and men dey borrow
money and korn give di pipol, but naw, make wi stop dis intrest wey wi
dey take from dem. [11] Make una kancel all di debt wey dem dey owe una;
weda na money, korn, wine or olive oil kon give dem back dia vineyards,
farms, olive farm and house!"
[12] Di ofisas and doz wey get money kon ansa, "Wi go do as yu tok. Wi
go give dem dia propaty and nor kollect wetin dem dey owe us."
Den I koll di priests kon make di ofisas and doz wey get money swear
for dia front, so dat dem go keep di promise wey dem just make. [13] I pul
di garment wey I wear kon shake am. Den I sey, "Na so God go take shake
any of una wey nor keep en promise. E go distroy una house and evritin
wey una get and nor-tin go remain for una."
Evribody wey dey der kon sey, "Amen!" Den dem kon praiz God. And
di ofisas and doz wey get money, do wetin dem promise. [14] Na di twenteth
year wey Atazazes bi king, e make mi govnor for Judah and since den kon
rish naw wey bi di twelft year wey I dey rule Judah (di thirty-two years

wey Atazazes don dey rule), mi and my family nor chop di food wey dem
suppose dey give mi as govnor. 15 All di govnors wey don rule before mi,
trobol di pipol and dey kollect forty silva koins evriday for food and wine.
Even dia savants dey opress di pipol too. But I difren from dem, bikos I
dey fear God. 16 I use all my pawa and money take ribuild di wall and I nor
buy any propaty for mysef. Evribody wey dey work for mi, join ribuild di
town too.
17 I dey always feed 150 Jew pipol and dia leaders for my house; apart
from di strenjas wey dey kom meet mi from di tribes wey surround us.
18 I dey kill one melu, six big sheep and many fawol evriday and evry ten
days, I dey provide fresh wine. I nor take di tins wey I suppose take from
di pipol as dia govnor, bikos of di heavy work wey dem dey do.
19 So my Oga God, I abeg, make Yu remember evritin wey I don do for
dis pipol, den make Yu bless mi.

# 6

*Pipol Oppoz Nehemaya*

1 Wen Sanballat, Tobaya, Geshem and di rest of awa enemies hear sey wi
don build di wall tight well-well, even doh wi neva set di gates for where
dem suppose dey, 2 dem kon send message kom give mi sey make I kom
meet dem for one village for Ono field.

But I kon know sey dem dey plan to attack mi. 3 So I send message to
dem sey, "I get betta work wey I dey do, so I nor go fit kom. I nor go fit
stop di work, bikos I won kon si una." 4 Dem send mi di same message
four times and each time dem send am, I dey give dem di same ansa.
5 For di fift time, Sanballat send one savant with leta kon give mi. 6 Dis
na wetin dem rite for di leta:

> "Geshem tell mi sey, dem dey tok for evriwhere sey yu and Jew pipol
> won kom attack us and na dis make yu dey build di wall back. E still sey
> yu dey plan to make yorsef king 7 and yu don arrange with some profet
> make dem announce for Jerusalem sey yu bi Judah king. Naw, di king
> go hear about am and na dis make mi sey make yu kom make wi first
> tok about di matter."

8 I ansa am, "All wetin yu tok so, nor bi true. Na only yu arrange dis
story."
9 I si sey dem dey won make us fear, so dat wi go stop di work.

But I pray kon sey, "My Oga God, make Yu give mi strent!"
10 By dis time, I go visit Shemaya wey Mehetabel pikin Delaaya born,
wey nor fit komot from en house. Den e tell mi, "Mi and yu must go hide
for di Holy Place for di temple kon lock di doors, bikos dem won kon kill
yu. Dem go kom kill yu anytime from naw."
11 I ansa, "I nor bi di kind pesin wey dey run go hide. Yu tink sey I go
won save my life kon go hide for di temple? I nor go do am." 12 Wen I tink
am again, I just know sey God nor tok to Shemaya, but na Sanballat and
Tobaya bribe am make e for tok wetin e dey tok so. 13 Dem hire am make
e for make mi fear den kon sin, so dat dem go spoil and disgrace my good
name.
14 I kon pray, "My God, remember wetin Sanballat and Tobaya dey do,
den make Yu ponish dem. Remember and ponish dat woman Noadaya
and all di oda profets wey dey won make mi fear."

### *Dem Build Jerusalem Finish*

15 Afta wi don work for fifty-two days, wi finish di hole wall for di twenty-
fifth day for Elul (October) mont. 16 Wen awa enemies wey dey di nashons
wey surround us hear am, shame katch dem, bikos evribody know sey na
God help us do di work.
17 For all dis time, Jew leaders dey rite and receive letas from Tobaya.
18 Many pipol for Judah dey en side, bikos en fada-in-law na Jew wey bi
Shekanaya wey bi Arah pikin. En pikin Jehohanan marry Meshullam wey
bi Berekaya dota. 19 Pipol go dey tok for my front about all di good tins
wey Tobaya dey do kon go tell am evritin wey I tok. But e still kontinue to
dey send mi leta wey go make mi fear.

## 7

### *Nehemaya Choose Rulers*

1 Afta wi don ribuild di wall and put all di gates for dia pozishon, I kon
give doz wey dey guide di temple, doz wey dey sing for di temple and di
oda Levi pipol, di work wey dem go do. 2 I put two men make dem dey
kontrol Jerusalem town and dem bi my brodas: Hanani and Hananaya
wey dey kommand di strong house dem. Hananaya dey faithful and dey
fear God well-well. 3 I tell dem sey make dem nor dey open di gate for
morning until aftanoon and make dem dey lock am before di guards go
sleep for nite. I still tell dem sey make dem choose guards from among di
pipol wey dey stay Jerusalem, make some stand for di gate, while odas go
dey go round di aria and dia own house.
4 Jerusalem na big town, but di pipol wey dey stay inside nor plenty and
dem neva build all di house finish. 5 God put am for my heart sey make I
koll all di pipol, dia leaders and ofisas togeda kon shek dia family rekord.
I si di first set wey kom back from Babilon and dis na dia rekord:

> 6 Dis na di pipol for di aria wey kom back from Babilon since King
> Nebukadnezzar karry dem go der as prisonas. Dem go back to dia
> towns for Jerusalem and Judah. 7 Di leaders wey kom back with dem
> na: Zerubabel, Jeshua, Nehemaya Nahamani, Zabud (Seraya), Reelaya,
> Mordekai, Bilshan, Mispar, Bigvai, Rehum and Baanah.

8 Dis na di list of each family for Israel and di nomba of pipol wey from
each family kom back from Babilon na:

Parosh family wey bi 2,172;
9 Shefataya family and dem bi 372;
10 Arah family and dem bi 652;
11 Pahat-Moab (Jeshua and Joab shidren-shidren) and dem bi 2,818;
12 Elam family and dem bi 1,254;
13 Zattu family and dem bi 845;
14 Zakkai family and dem bi 760;
15 Binnui (Bani) family and dem bi 648;
16 Bebai family and dem bi 628;
17 Azgad family and dem bi 2,322;
18 Adonikam family and dem bi 667;
19 Bigvai family and dem bi 2,067;
20 Adin family and dem bi 655;
21 Ater, (Hezekaya pikin-pikin) family and dem bi 98;

22 Hashum family and dem bi 328;
23 Bezai family and dem bi 324;
24 Harif family and dem bi 112;
25 Gibeon family and dem bi 95.
26 Betlehem and Netofat men na 188;
27 Anatot men na 128;
28 Bet-Azmavet family men na bi 42;
29 Kiriat-Jearim, Kefirah and Beerot men na 743;
30 Rama and Gibeah men na 621;
31 Mikmash men na 122;
32 Bethel and Ai men na 123;
33 Nebo men for west na 52;
34 Elam family for west na 1,254;
35 Harim family na 320;
36 Jeriko family na 345;
37 Lod, Hadid and Ono family na 721;
38 Hassenaah family na 3,930.
39 Di priests family wey kom back from Babilon na: Jedaya (Jeshua shidren-shidren) family and dem bi 973;
40 Imma family na 1,052;
41 Pashhur family na 1,247;
42 Harim family na 1,017.
43 Levi family wey kom back from Babilon na:
Jeshua (Kadmiel wey Hodevah en papa, na en shidren-shidren) family and dem bi 74.
44 Doz wey dey sing for di temple (Asaf shidren-shidren)
family na 148.
45 Doz wey dey guide di temple (Shallum, Ater, Talmon, Akkub, Hatita and Shobai shidren-shidren)
dia family na 138.
46 Di pipol wey dey work for di temple, dia family wey kom back from Babilon na:
Ziha family, Hasufa family, Tabbaot family,
47 Keros family, Sia family, Padon family,
48 Lebanah family, Hagabah family, Shamlai family,
49 Hanan family, Giddel family, Gahar family,
50 Reaaya family, Rezin family, Nekoda family,
51 Gazzam family, Uzza family, Paseah family,
52 Besai family, Meunim family, Nefusim family,
53 Bakbuk family, Hakufa family, Harhur family,
54 Bazlut family, Mehida family, Harsha family
55 Barkos family, Sisera family, Temah family,
56 Nezaya family and Hatifa family.
57 Solomon savants family wey kom back from Babilon na:
Sotaya family, Soferet family, Perida family,
58 Jaala family, Darkon family, Giddel family,
59 Shefataya family, Hattil family,
Pocheret-Hazrebaim family and Amon family.
60 All di temple savants and Solomon savants shidren-shidren wey kom back na 392.
61 Dis na di ones wey kom from Tel-Melah, Tel-Harsha, Kerub,

Addon and Imma (even doh sey dem nor fit show weda dem really kom
from Israel tribe):
62 Delaaya family, Tobaya family and Nekoda family and dem bi 642.
63 Dis na some among di priests family wey nor get rekord to show sey
dem bi Israel pipol:

Hobaaya family, Hakkoz family, Barzillai (wey marry one of Barzillai dotas, wey bi Gilead pesin kon shange en name to en wife papa name) family.

64 Since dem nor fit show who dia grand-grand papa bi, dem nor kon
asept dem as priests. 65 So di govnor tell dem sey dem nor go fit chop di
food wey dem offa give God, until dem si priest wey go fit use Urim and
Tummim.
66 Di total pipol wey kom back from Babilon na 42,360.
67 Dia men and wimen savant na 7,337. Dia men and wimen wey dey
sing na 245. 68 Dia horse na 736, melu na 245, 69 Kamels na 435 and dia
donkey na 6,720.
70 Some among di leaders for each family kollect ofrin on dia own wey
dem join take do di work. Di govnor give 1,000 gold koin, 50 gold basin
and 530 garment for di priest. 71 Some among di family leaders give 20,000
gold koin and 2,200 pound for silva. 72 Wetin di remainin pipol give rish,
20,000 pound for gold, 2,000 pound for silva and 67 garment for di priests.
73 Di Priest, Levi pipol, doz wey dey guide di gate, doz wey dey sing, di
temple savants and evry oda pesin for Israel kon stay for di town. So for
di sevent monts, Israel pipol kon start to stay for dia towns.

# 8

*Ezra Read Di Law*

1 All of dem gada for Jerusalem for one hall wey dey di Wota Gate front.
Dem kon tell Ezra wey sabi di law sey make e go bring di Law Book wey
God give Israel thru Moses.
2 So Ezra wey bi priest karry am kom where di pipol gada put, both men,
wimen and shidren wey don get sense. 3 E read di law for di hall wey dey
near di gate from morning go rish aftanoon and all of dem listin well-well.
4 Ezra stand on-top stage wey dem build, bikos of dis meetin. Di men
wey stand for en rite side na: Mattitaya, Shema, Anaya, Uriaya, Hilkaya
and Maaseaya, while di men wey stand for en left na: Pedaaya, Mishael,
Malkijah, Hashum, Hashbaddanah, Zekaraya and Meshullam.
5 As Ezra stand on-top di stage, all di pipol kon dey look am. All of dem
stand up as e just open di book. 6 Ezra kon sey, "Make wi praiz di Oga
wey bi di great God!" All di pipol raiz dia hand go up kon ansa, "Amen!
Amen!" Dem knee down, bow and woship God.
7 Afta, Levi pipol wey bi: Jeshua, Bani, Sherebaya, Jamin, Akkub,
Shabbetai, Hodaya, Maaseaya, Kelita, Zabud, Jozabad, Hanan and Pelaaya
kon esplain di law give di pipol wey stand der dey listin. 8 Dem read and
esplain God law, so dat di pipol go undastand am.
9 Wen di pipol hear wetin dem read for di law, di word tosh dem sotey
dem kon start to kry. So Nehemaya wey bi di govnor, Ezra wey bi priest
wey know di law well-well and Levi pipol wey dey esplain di law kon tell
all di pipol, "Today dey holy for di Oga wey bi una God, so una nor suppose
mourn or kry.

10 “Naw, make una go house go celebrate. Share food and wine with
pipol wey nor get. Today na holy day for awa Oga God, so make una nor
kry, bikos na God happiness dey make una strong.”
11 Levi pipol kon go round dey tok to di pipol make dem nor kry, bikos
today na holy day.
12 So all di pipol go dia house dey happy, dey chop and drink and share
wetin dem get with one anoda, bikos dem undastand wetin dem read give
dem.
13 Di next day, di head for each family, with di priests and Levi pipol go
meet Ezra wey know di law well-well so dat e go really tish dem. 14 Dem
si sey, Moses rite for God Law sey, make Israel pipol stay for shelta wen
ever dem dey do di feast for di sevent mont. 15 So dem make and send dis
kommand go round Jerusalem and di oda village and towns sey: “Make
una go di hills go kut wood kom from olive, myrtle, palm and oda trees
make wi take build where wi go stay celebrate di festival, just as dem rite
am for di law.”
16 So di pipol go kut palm leaf take kover dia house, di temple kourtyard
and di field wey dey near di Wota Gate and Efraim Gate. 17 All di pipol
wey kom back from Babilon build house kon dey stay der. Dis na di first
time wen dem dey do am afta di time wey Nun pikin, Jeshua do am and
evribody happy well-well.
18 From di first day wey di festival start go rish di end, dem dey read
one-one part from God law evriday. Dem celebrate for seven days kon
finish di festival for di eight day, just as dem rite am for di law.

# 9

*Di Pipol Turn Go Meet God*

1 For di twenty fourt day, for dat same mont, Israel pipol gada to fast,
bikos of sins wey dem kommit. 2 Dem don already separate demsef from
all di strenjas. Dem wear sak klot kon pak dust for dia head as sign sey
dem dey sorry. Den dem kon stand dey konfess dia sins wey dem and
dia grand-grand papa don kommit. 3 Dem read di Oga dia God law for
dem for like three hour, den dem konfess dia sins kon woship di Oga dia
God for di next three hours. 4 Den Levi pipol: Jeshua, Binnui, Kadmiel,
Shebanaya, Bunni, Sherebaya, Bani and Kenani stand kon shaut pray give
di Oga God. 5 Levi pipol: Jeshua, Kadmiel, Bani, Hashabneaya, Sherebaya,
Hodaya, Shebanaya and Petahaya kon tell di pipol sey, “Make una stand
praiz di Oga una God bikos E dey forever and ever!” Den dem pray sey,

“Wi go praiz yor holy name! Make yor name high pass evry blessing
and praiz! 6 Na only Yu bi God. Na Yu kreate di heaven and di stars
for sky. Yu kreate land, sea and evritin wey dey inside, den kon give
dem life. All di pawa for heaven, dey bow woship Yu. 7 Na Yu, Oga God,
choose Abram kon lead am komot from Ur for Kaldeans. Na Yu shange
en name to Abraham. 8 Na bikos Yu si as e dey faithful rish, naim make
Yu make kovenant with am. Yu promise to gi-am Kanaan, Hit, Amor,
Periz, Jebus and Girgash pipol land. Di land wey en shidren-shidren go
stay and Yu keep yor promise, bikos Yu dey faithful.

9 Yu si as awa grand-grand papa dem sofa for Egypt; Yu hear dem wen
dem kry for help for di Red Sea. 10 Yu do wonderful mirakles against
Egypt king, en ofisas and dia pipol, bikos Yu know as dem take opress

yor pipol. Yu win and give yorsef name wey dem dey celebrate till today.
11 Yu divide di sea for yor pipol kon lead dem pass for dry groun. But Yu
make di wota swallow di pipol wey dey porshu dem and dem kon sink
like stone. 12 Yu lead yor pipol with kloud for day time and fire wey go
dey give dem lite for nite.

13 Yu kom down from heaven kon tok to dem for Mount Sinai; Yu give
dem betta judgement, laws, korrect tishings and kommands. 14 Yu tish
dem sey make dem keep di Sabat Day holy kon give dem yor laws thru
yor savant, Moses. 15 Wen dem dey hongry, Yu give dem bread from
heaven and wen dem won drink wota, Yu give dem wota from rock. Yu
tell dem sey make dem kontrol di land wey Yu promise to give dem.

16 But bikos of pride and sturbones, awa grand-grand papa dem nor
gri obey yor kommand. 17 Dem nor gri obey; dem forget all wetin Yu
don do; dem forget di mirakles wey Yu do and bikos of dia pride, dem
choose leaders wey take dem go back to Egypt as slave. But Yu bi God
wey dey forgive. Yu dey good and dey sorry for pesin. Yu nor dey kwik
vex and yor royal love nor dey fail. Yu nor abandon dem at-all 18 even
wen dem make juju wey bi like melu kon sey na di god wey lead dem
komot from Egypt! Si as dem curse Yu rish!

19 Yet Yu nor still leave dem for inside desert, bikos yor mesi, dey great.
Yu nor remove di kloud and fire wey dey show dem lite, both for day
and nite. 20 Yu send yor good Spirit make e tell dem wetin dem go do
and Yu nor stop to give dem manna chop and wota to drink. 21 For forty
years for desert, Yu give dem all wetin dem nid; dem nor wear tear-tear
klot and dia leg nor swell-up bikos of pain.

22 Yu make dem win nashons, kingdoms and lands wey dey near dia
own. Dem win Heshbon land, wey Sihon dey rule and Bashan land wey
Og for bi king. 23 Just as star many for sky, na so di shidren wey Yu give
dem many and Yu let dem win and stay for di land wey Yu promise dia
grand-grand papa sey Yu go give dem. 24 Dem win Kanaan land; Yu ova-
take di pipol wey dey stay der. Yu give yor pipol pawa to do anytin wey
dem like with Kanaan pipol and kings. 25 Yor pipol seize strong-strong
towns; betta-betta land; house wey propaty full; well wey dem don dig;
olive trees; fruit trees and vineyards. Dem chop anytin wey dem wont
kon fat and dem enjoy all di good tins wey Yu give dem.

26 But with all dis tins, di pipol go against Yu. Dem nor gri obey Yu
and dem turn from yor law. Dem kill di profets wey kom warn and tell
dem to turn kom meet Yu. Dem curse Yu many-many times, 27 so Yu kon
allow dia enemies win and rule dem. But wen dem koll Yu for help wen
dem dey trobol, Yu ansa dem from heaven. Bikos of yor great mesi, Yu
send leaders wey kom save dem from dia enemies.

28 Wen dem get peace, dem kon sin again and Yu allow dia enemies
attack dem. But wen dem turn kom meet Yu for help, Yu hear dem from
heaven and Yu save dem many-many times, bikos of yor mesi.

29 Yu warn dem sey make dem obey wetin Yu tish, but dem rijet yor
law bikos of pride and even doh yor law dey give life, dem nor gri obey
am, bikos of dia strong head and sturbones. 30 Bikos of yor love, Yu dey
patient with dem for many years. Yu send yor Spirit wey warn dem thru
di profets. But yet, dem nor gri listin! So Yu allow oda nashons attack

dem again. 31 But bikos of yor great mesi, Yu nor distroy dem finish or
abandon dem forever. Si as Yu dey good and dey show mesi!
32 Naw, awa God, di One wey dey great, get pawa and dey mighty, di
Pesin wey dey keep en kovenant of love wey nor dey fail, make Yu help
us as wi dey sofa. Bikos from di time wey Assyria kings first win us kom
rish naw, na sofa wi dey sofa: wi and awa kings, leaders, priests, profets,
grand-grand papa dem and all awa pipol. 33 Yu still dey rite even wen Yu
ponish us. Wi really don sin well-well and Yu give us di ponishment wey
fit us. 34 Awa grand-grand papa dem, awa kings, leaders and priests nor
keep yor law at-all. Dem nor listin to yor kommands and laws. 35 Even
wen dem get dia kingdom, dem nor gri serve Yu, doh Yu still show dem
yor goodness. Yu give dem betta land to plant, yet dem nor gri turn from
dia wikedness.
36 So today, wi bi slave for di land wey Yu give us. Di betta land where
Yu give awa papa dem to chop from and enjoy as e good rish. 37 Di
king wey Yu put ova us, bikos wi sin, na-im get evritin wey di land dey
produce. Na wetin dem like dem dey do with wi and awa animals and
wi really dey sofa for dia hand.

### *Di Pipol Sey Dem Go Obey*

38 "Bikos of all wetin don happen, wi promise and rite agriment kon
allow awa leaders, Levi pipol and di priests stamp am."

# 10

1 Di pipol wey sign na:
Nehemaya wey bi govnor, Hakalaya pikin, and
Zedekaya sign too. Di oda pipol wey still sign na: 2 Di priests: Seraya,
Zabud, Jeremaya,
3 Pashhur, Amaraya, Malkijah,
4 Hattush, Shebanaya, Malluk,
5 Harim, Meremot, Obadaya,
6 Daniel, Ginneton, Baruk,
7 Meshullam, Abijah, Mijamin,
8 Maazaih, Bilgai and Shemaya.
9 Levi pipol wey sign na:
Jeshua wey Azanaya born, Binnui from Henadad family, Kadmiel,
10 Shebanaya,
Hodaya, Kelita, Pelaaya, Hanan,
11 Mikah, Rehob, Hashabaya,
12 Zakkur, Sherebaya, Shebanaya,
13 Hodaya, Bani and Beninu.
14 Di leaders wey sign na: Parosh, Pahat-Moab, Elam, Zattu, Bani,
15 Bunni, Azgad, Bebai, 16 Adonijah, Bigvai, Adin,
17 Ater, Hezekaya, Azzur,
18 Hodaya, Hashum, Bezai,
19 Harif, Anatot, Nebaya,
20 Magpiash, Meshullam, Hezir,
21 Meshezabel, Zadok, Jaddua,
22 Pelataya, Hanan, Anaya,
23 Hoshea, Hananaya, Hasshub,

24 Hallohesh, Pilha, Shobek,
25 Rehum, Hashabnah, Maaseaya,
26 Ahijah, Hanan, Anan,
27 Malluk, Harim and Baanah.

### *Di Agriment*

28 Naw di remainin Israel pipol, di priests, Levi pipol, doz wey dey
guide, sing and work for di temple and evribody wey obey God law kon
separate demsef from doz strenjas wey dey stay for di town. Both wi,
awa wifes and shidren wey don get sense to undastand, 29 join hand
with awa leaders kon swear sey, make curse dey awa head if wi nor live
akordin to God law. Di law wey E give us thru en savant Moses wen e
sey make wi obey evritin wey di Oga awa God kommand us kon keep
all en rules and regulashons.
30 Wi promise sey awa dota nor go marry di strenjas wey dey stay for
awa land.
31 Wi still promise sey wi nor go buy korn or anytin wey strenjas go
karry kon sell for us for Sabat Day or for any oda day wey holy. For evry
sevent year, wi nor go plant anytin for di land and wi go kounsol all di
debt wey pipol dey owe us.
32 Evry year, wen wi divide awa silva into eight, wi go drop one part for
di temple work. 33 Anytime dem dey woship for di temple, wi go provide
dis tins: di holy bread, di korn wey dem dey give evriday as ofrin, di
animals wey dem go burn as sakrifice for each day, di holy ofrins for
Sabat Day, di new moon festivals and oda festivals, di oda holy ofrins, di
ofrin wey go remove Israel sins and anytin wey dem nid for di temple.
34 Wi, di pipol, di priests and Levi pipol, go trow dice evry year to
know di family wey go dey burn di sakrifice wey dem offa give di Oga
awa God, akordin to wetin dey di law.
35 Evry year, wi go take di first korn wey wi harvest go di temple as
ofrin and even di first fruit wey go ripe for awa trees, wi go give dem
too.
36 Wi go karry di first boy pikin wey awa wife born go meet di priest
for di temple and dem go dedikate am give God, just as dem rite am for
di law. Wi go still dedikate di first melu, sheep, lamb and goat wey awa
animals go born.
37 Di bread wey wi make from di first korn wey wi harvest for each
year and oda ofrin like wine, olive oil and difren kind of fruits, wi go-go
give dem to di priest for di temple. Wi go give Levi pipol one out of evry
ten tins wey wi get from evritin wey wi plant for awa farm, bikos na
dem dey kollect am. 38 One priest wey kom from Aaron shidren-shidren
must dey with Levi pipol wen dem dey kollect tithe and Levi pipol go
bring one from evry ten tins wey dem kollect kom keep am for di store
for awa Oga God Temple. 39 Israel and Levi pipol must take di korn, wine
and olive oil wey dem kontribute go keep for di temple where dem dey
keep tins put and where di priest wey dey duty, doz wey dey guide and
sing for di temple dey stay.

Wi nor go forget awa Oga God house.

# 11

### *Jerusalem Pipol*

1 Di pipol leaders kon dey stay for di holy town for Jerusalem and if dem
divide di pipol for Judah and Benjamin town into ten, na one part dey stay
der, while di rest dey stay where dem dey before. 2 Di pipol tank di ones
wey sey dem go stay for Jerusalem.

3 Dis na di ofisas wey kom stay Jerusalem. (Some of di pipol, Levi pipol,
priests, temple savants and Solomon savants shidren-shidren still dey stay
dia own house for di difren towns wey dey Judah, 4 but some among di
pipol for Judah and Benjamin go back to Jerusalem, na dem bi.)

From Judah tribe: Uzzaya wey Zekaraya pikin Ataya born and na
Amaraya born Zekaraya. Na Shefataya wey Perez pikin Mahalalel born,
bi Amaraya papa. 5 Wi still get Maaseaya wey bi Baruk pikin and na Kol-
Hozeh wey Hazaya born, bi Baruk papa. Hazaya na Adaya pikin wey
Joiarib born and na Zekaraya wey Shelah born, bi Joiarib papa. 6 Perez
shidren-shidren wey dey for Jerusalem na 468 and all of dem na betta
men.

7 From Benjamin tribe: Wi get Sallu wey Meshullam born, wey Joed
born, wey Pedaaya born, wey Kolaya born, wey Maaseaya born, wey Itiel
born, wey Jeshaya born. 8 Pipol wey follow am na Gabbai and Sallai and
dia family na 928. 9 Na Joel wey Zikri born bi dia oga and na Hassenuah
pikin, Judah bi next afta am for di town.

10 From di priest: Wi get Jedaya wey bi Joiarib pikin and Jakin 11 and
Seraya wey Meshullam pikin, Hilkaya born. En grand-papa dem na Zadok,
Meraiot and Ahitub wey dey guide God Temple. 12 Wi still get 822 pipol
wey dey work with am for di temple. Wi get Adaya wey Jeroham born,
wey Pelalaya born, wey Amzi born, wey Zekaraya born, wey Pashhur born,
wey Malkijah born 13 with 242 pipol wey bi head for dia family. Wi still
get Amashsai wey Azarel born, wey Ahzai born, wey Meshillemot born,
wey Imma born 14 and 128 of en strong men follow am. Di pesin wey dey
lead dem na Zabdiel wey Haggedolim born.

15 From Levi tribe: Wi get Shemaya wey Hasshub born, wey Azrikam
born, wey Hashabaya born, wey Bunni born. 16 Wi still get Shabbetai wey
Jozabad born, wey bi oga for di work wey dem dey do outside God Temple.
17 Wi still get Matanaya wey Mikah born, wey Zabdi, Asaf pikin born and
na-im dey lead di tanksgivin and prayer. E still get Bakbukaya wey dey
support Matanaya and Abda wey Shammua born, wey Galal born, wey
Jedutun born. 18 All di Levi pipol for di holy town na 284.

19 Among doz wey dey guide di gate: E get Akkub, Talmon and 172 pipol.

20 God priests, Levi pipol and di rest pipol for Israel dey stay where dia
family land dey for Judah.

21 But doz wey dey serve for di temple dey stay for Ofel Hill and dia
leaders na Ziha and Gishpa.

22 Di main Levi pipol oga for Jerusalem na Uzzi wey Bani born, wey
Hashabaya born, wey Matanaya born, wey Mikah wey bi Asaf grand-pikin
born and na en family dey sing for God Temple. 23 Dem dey do evritin as
e suppose bi evriday, just as dem rite am for di royal kommand wey dem
dey follow.

24 Petahaya wey Meshezabel born wey dey among Zera shidren-shidren
from Judah tribe, na-im dey advise di king for all di matter wey koncern
how to rule and kontrol di pipol.

25 But for di village around dia fields, some among di pipol for Judah dey
stay Kiriat-Arba, Dibon and Jekabzeel with di place and village wey dey
der. 26 Dem still dey stay for Jeshua, Moladah, Bet-Pelet, 27 Hazar-Shual,
Beersheba and di village for 28 Ziklag, Mekona and dia village. 29 Dem
still dey stay En-Rimmon, Zorah, Jarmut, 30 Zanoah and Adullam with di
village wey dey der. Dem still dey Lakish with di field wey dey near der
and Azeka with en village. So Judah pipol stay from Beersheba go di sout
valley for Ben-Hinnom.

31 Some pipol from Benjamin tribe dey stay for Gibeah, Mikmash, Aija
and Bethel with di arias for der. 32 Dem still dey stay for Anatot, Nob,
Ananaya, 33 Hazor, Rama, Gittaim, 34 Hadid, Zeboim, Neballat, 35 Lod, Ono
and Wise Men Valley.

36 So, dem send some among Levi pipol wey dey Judah go join Benjamin
pipol.

# 12

*Di Priest And Levi Pipol*

1 Di priests and Levi pipol wey kom back from Babilon with Shealtiel
pikin Zerubabel and Jeshua wey bi di High Priest na: Seraya, Jeremaya,
Ezra, 2 Amaraya, Malluk, Hattush, 3 Shekanaya, Rehum, Meremot, 4 Iddo,
Ginnetoi, Abijah, 5 Mijamin, Moadaya, Bilgah, 6 Shemaya, Joiarib, Jedaya,
7 Sallu, Amok, Hilkaya and Jedaya. Dis na di leaders among di priest and
doz wey dey work with dem wen Jeshua bi di High Priest.

8 Levi pipol wey kom back with dem na: Jeshua, Binnui, Kadmiel,
Sherebaya, Judah and Matanaya and na dem with dia pipol dey sing dey
tank God. 9 Di pipol wey follow dem na Bakbukaya and Unni and dem dey
stand opposite dem wen di service dey go on.

10 Jeshua wey bi di High Priest na Joiakim papa. Joiakim na Eliashib
papa and Eliashib na Joiada papa. 11 Joiada na Jonatan papa and Jonatan
na Jaddua papa.

12 So wen Joiakim na High Priest, doz wey dey lead for di priest family na:
Meraaya wey dey lead Seraya family; Hananaya wey dey lead Jeremaya
family; 13 Meshullam wey dey lead Ezra family; Jehohanan wey dey lead
Amaraya family; 14 Jonatan wey dey lead Malluk family; Josef wey dey
lead Shebanaya family; 15 Adna wey dey lead Harim family; Helkai wey
dey lead Meraiot family; 16 Zekaraya wey dey lead Iddo family; Meshullam
wey dey lead Ginneton family and 17 Zikri wey dey lead Abijah family. Dem
still get one leader for Mijamin family. Piltai dey lead Moadaya family;
18 Shammua dey lead Bilgah family; Jonatan dey lead Shemaya family;
19 Mattenaya dey lead Joiarib family; Uzzi dey lead Jedaya family; 20 Kallai
dey lead Sallu family; Eber dey lead Amok family; 21 Hashabaya dey lead
Hilkaya family and Netanel wey dey lead Jedaya family.

22 Dem keep one book about Levi family for di time wen Eliashib, Joiada,
Johanan and Jaddua dey serve as High Priest. Anoda rekord for di priest
dey for di time wen Darius dey rule Persia. 23 Di head for Levi family rite
dia names put for di history book until di time wey Eliashib grand-pikin,

Johanan dey rule. 24 Dis na di family leaders for Levi tribe: Hashabaya,
Sherebaya, Jeshua, Binnui, Kadmiel and di oda men wey dey stand face
dem wen dem dey do di praiz and tanksgivin service and just as David wey
dey serve God kommand dem, one group dey praiz with di oda group.
25 Dem bi Matanaya, Bakbukaya and Obadaya. Na Meshullam, Talmon
and Akkub dey guide di gate and di store room for di gates. 26 All dis men
serve for di time wen King Joiakim wey Jehozadak pikin Jeshua born, dey
rule and dat time Nehemaya na govnor, while Ezra na priest.

### *Dem Dedikate Jerusalem*

27 Wen dem won dedikate di new wall for Jerusalem, dem sey make Levi
pipol from evriwhere for di land kom Jerusalem kon support dem for di
party. Dem sey make dem join for dis serimony as dem dey sing and tank
God with dia cymbals, harp and lyres. 28 Dem bring doz wey dey sing from
evriwhere for Jerusalem and from di village dem wey dey Netofat. 29 Dem
still kom from Bet-Gilgal and di poor arias near Gibeah and Azmavet, bikos
doz wey dey sing don build dia own house round Jerusalem. 30 Di priest
and Levi pipol first santify demsef; den dem kon santify di pipol, di gates
and di wall.
31 I take di leaders for Judah go on-top di wall kon organize two big
kwaya wey go give tanks. One among di kwaya face sout for di Dirty Gate.
32 Hoshaaya and half for di leaders for Judah follow dem, 33 with Zabud,
Ezra, Meshullam, 34 Judah, Benjamin, Shemaya and Jeremaya. 35 Den
some priest wey dey blow trumpet kon kom with Zekaraya wey Jonatan
born, wey Shemaya born, wey Matanaya born, wey Mikaya born, wey
Zakkur wey kom from Asaf shidren-shidren, born. 36 Zekaraya friends na
Shemaya, Azarel, Milalaya, Gilalai, Maai, Netanel, Judah and Hanani and
dem dey use di music instrument wey God savant, David give dem. Na
Ezra bi di kwayamasta. 37 For di Well Gate, dem klimb go di town wall
wey face David Town. Dem pass David house kon dey waka go di Wota
Gate for east.
38 Di sekond kwaya wey dey tank God kon go di nort side thru di oda
side make dem for meet di oda pipol. I follow dem with di oda half of di
leaders, on-top di wall until wi pass Ovens Towa go rish di Broad Wall,
39 den wi pass Efraim Gate till wi rish di Hundred Towa. Wi waka go rish
di Sheep Gate kon stop for di Guide Gate.
40 Di two kwaya wey dey give tanks kon go awa Oga God Temple, den
dem take dia pozishon. So mi and all di group leaders kon sidan. 41 Wi
follow di priests wey dey blow di trumpet and dem bi: Eliakim, Maaseaya,
Mijamin, Mikaya, Elioenai, Zekaraya and Hananaya 42 and doz wey dey
sing na: Maaseaya, Shemaya, Eleazar, Uzzi, Jehohanan, Malkijah, Elam and
Ezer. Dem play kon dey sing well-well and na Jezrahaya bi di kwayamasta.
43 For dat day wen pipol dey happy, dem offa many sakrifice, bikos God
don give di pipol rizin to dey happy. Di wimen and shidren still join for
di celebrashon and evribody from far know sey betta tin dey happen for
Jerusalem.
44 Dat day, dem kon pick men wey go dey guide di store room for di
ofrins, di first part for di harvest and one out of evry ten tin wey dem give
God. Na dem dey kollect money from di field outside di town and di part
wey di law give di priest and Levi pipol. All di pipol for Judah dey happy,
bikos of di work wey Levi pipol and di priests dey do. 45 Dem dey do dia

God work kon santify pipol, just as David and Solomon en pikin kommand
and doz wey dey sing and guide di gate, dey do di same tin too. 46 Di
tradishon to get kwayamasta wey go lead di pipol for praiz, hymns and
tanksgivin don start since David and Asaf time. 47 So naw, for Zerubabel
and Nehemaya days, evribody for Israel dey bring food evriday for doz
wey dey sing, guide di gate and for Levi pipol. Levi pipol dey still give
part of wetin dem kollect to di priests wey bi Aaron shidren-shidren.

# 13

*Nehemaya Shange Some tins*

1 Wen dem dey read Moses law give di pipol, dem kon rish di place wey
sey make dem nor allow any Ammon or Moab pesin join God pipol. 2 And
dis na bikos Ammon and Moab pipol nor gri give Israel pipol food or wota
drink wen dem dey komot from Egypt. Instead, dem give Balaam money
make e curse Israel, but awa God turn di curse to blessing. 3 Wen Israel
pipol hear dat part for di law, dem nor kon add all di strenjas for di town
join.

4 Before dis time, Priest Eliashib wey bi Tobaya broda, dey kare for di
temple store room. 5 E build one big room where dem bin dey keep korn
ofrins and incense, di tins wey dem dey use for di temple, di ofrin wey
bi priests own and one from evry ten tins wey pipol bring from dia korn,
wine and olive oil wey dem give Levi pipol and doz wey dey guide and
sing for di temple.

6 I nor dey Jerusalem wen dis tins dey happen, so for di thirty-two years
wen Atazazes bi king for Babilon, I kon go ripot gi-am. Afta sometaim, e
permit mi 7 and I kon go back to Jerusalem. I shok wen I si sey Eliashib
allow Tobaya dey use one room for di temple. 8 I vex well-well kon trowey
Tobaya tins for outside. 9 I kon orda sey make dem do sakrifice take santify
di room and make dem put di temple tins, korn ofrins and incense back
for der.

10 I still hear sey, doz wey dey sing for di temple and some among Levi
pipol don leave Jerusalem kon go back to dia farms, bikos di pipol nor dey
give dem food. 11 So I kworel with di leaders kon ask dem, “Wetin make
una forget God Temple?” Den I go bring Levi pipol and doz wey dey sing
kom back to di temple, so dat dem go start dia work again.

12 Den Israel pipol kon start to dey bring one out of evry ten korn, wine
and olive oil kom di temple store room again. 13 So I kon put dis men make
dem dey guide di store room and dem bi, Shelemaya wey bi priest; Zadok
wey know di law well-well and Pedaaya wey kom from Levi family. Hanan
wey Matanaya pikin Zakkur born, na-im dey help dem. I know sey I go fit
trust dis men wen dem dey share di tins give di pipol wey dey follow dem
work.

14 My God, make Yu remember all dis tins wey I don do for yor temple
and for yor work.

15 For dat time, I si pipol for Judah dey make juice from grapes for Sabat
Day. While some dey load korn, wine, grapes, figs and oda tins on-top dia
donkey kon take dem go Jerusalem. So I warn dem sey make dem nor sell
anytin for Sabat Day. 16 Some men wey kom from Tyre town dey stay for
Jerusalem and dem bring difren tins kom di town kon sell for awa pipol

for Sabat Day. 17 I kworel with di Jew leaders kon tell dem, “Si di kind bad
tin wey una dey do! Una nor wont make di Sabat Day dey holy. 18 Na dis
tin make God ponish una grand-grand papa dem kon distroy di town. Yet
una still dey won make God vex well-well for Israel, bikos una nor dey
make di Sabat Day holy.”

19 So I kon give orda sey make dem dey lock di town gate for morning
go rish evening for evry Sabat Day and make dem nor open am until dat
day finish. I put some among my men for di gate, make dem make sure
sey dem nor karry anytin enter or go outside di town for Sabat Day. 20 One
or two time, pipol wey dey sell difren tins dey sleep outside di town. 21 So
I warn dem, “No nid to dey wait for outside till morning. If una try am
again, I go ponish una.” From dat time go, dem nor kon dey kom der for
Sabat Day. 22 I give orda sey make Levi pipol go santify demsef, den kon
guide di gate to make sure sey dem keep di Sabat Day holy.

My Oga God, make Yu still remember mi kon save mi, bikos of yor great love.

23 For dat time, I notis sey many among Jew men marry wimen from
Ashdod, Ammon and Moab town. 24 Half of dia shidren dey speak Ashdod
language (or some oda language), but dem nor fit speak Hibru language.
25 I kworel, curse, slap and pul di men hair. Den I make dem swear with
God name sey dem and dia shidren nor go ever marry from anoda kountry.
26 I still tell dem, “Na wimen from anoda kountry make King Solomon sin.
Dis man great pass any of di king for oda nashons. God love am kon make
am king ova Israel pipol, yet e still kommit sin. 27 So e good make wi
dey hear all dis una wiked tins and how una disobey awa God and marry
wimen from oda kountries?”

28 Naw, Eliashib wey bi di priest born Joiada, but one for Joiada pikin marry Sanballat dota, wey kom from Bet-Horon town, so I sey make Joiada komot from Jerusalem.

29 My God, make Yu remember dem, bikos dem don spoil di priests work and break di priest and Levi pipol kovenant.

30 So I santify di pipol from evry strenj tin kon tell di priests and Levi
pipol wetin dem go do. 31 I still provide di wood wey dem go use take burn
di ofrin for di rite time and for di first korn and fruit.

My God, I beg, make Yu remember mi for good and bless mi.

# Estha
## Introdushon

Dis book esplain wetin make Judah pipol start to celebrate one feast wey dem dey koll Purim for di time wey Persia pipol dey rule dem. Moses law don already tok about how God mighty pawa help dem do tins like di Passova and Tabanako. Dis book show how God take kon save Jew pipol again.

Dis story happen wen Persia king wey bi Atazazes (as in Atazazes di first wey rule from 486-465 before Christ kom) dey rule. Di book tok about all di tins wey one Jew woman Estha and en kousin Mordekai (wey dey guide am) do. Dem two kom back from Babilon and dem help to save Jew pipol wen dia enemies dey plan to kill dem. Even doh di story nor ever menshon God by en name, wi still si as God protet and guide en pipol wen all dis tins dey happen.

Di book tok about some party, just like di two party wey Atazazes do for di biginnin, two wey Estha tok about and di two wey Jew pipol celebrate at di end wen dem dey tank God. Even wen dem tell dis story to di next generashon, di main story na Estha own. So doz wey dey read di book nor dey only celebrate sey God safe Jew pipol, but dem go nid to ask demsef, just as Mordekai ask Estha about di main purpose wey make God bring dem kom dis life or put dem for di pozishon wey dem dey.

*Di Party*

1 Dis tin happen for di time wey King Zazes dey rule. (I dey tok about di
Zazes wey rule more dan 127 kountries, from India go rish Ethiopia). 2 For
dat time, King Zazes dey rule en kingdoms from en throne for Shushan
3 and for di third year wen e dey rule, e kon do party for all en ofisas
and savants. Di sojas for Persia and Media dey der too, with di ofisas and
strong men for di kountries.

4 E show dem di propaty wey e get and how en kingdom go big rish
forever and na one hundred and eight days e take do di party! 5 Wen
doz days don komplete, di king do party for all di men wey dey Shushan,
both di senior and di junior workers. Dem use seven days take do di
party for di royal palis gardin. 6 Na white and blue curtain wey dem tie
with fine purpol linen with silva ring and betta stones, dem take dekorate
di kourtyard. Dem put tins wey dem make with gold and silva, for di
kourtyard groun wey dem design with white, red, blue and black stones.
7 Na gold cup dem take serve drinks and all di cup get difren design. Di
king give dem enough royal wine. 8 Di drinks many well-well; di king
don orda en savant sey make evribody chop and drink until dem taya or
beleful.

9 Inside di royal palis, Kween Vashti sef dey do party for di wimen.

10 For di sevent day for di party, di king spirit kon high well-well bikos
of di wine wey e drink, so e tell seven of en pesinal savant: Mehuman,
Bigta, Harbona, Bizta, Abagta, Zetar and Karkas, 11 sey make dem go bring
Kween Vashti and make e wear en royal crown. Di kween fine well-well
and di king won use am take make yanga for en ofisas and doz wey e

invite. 12 But wen di savant tell di kween wetin di king kommand, e nor
gri kom. Dis tin kon make di king vex well-well.
13 So di king kon ask di wise men wey know about matter wey koncern
dia law and rule, bikos e dey always ask dem for advise. 14 Di pipol wey e
dey always koll for advise na: Karshena, Shetar, Admata, Tarshish, Meres,
Marsena and Memukan and dem bi seven ofisas for Persia and Media wey
get di highest pozishon for di kingdom.
15 E tell di men, "Mi, King Zazes send my savant go koll Kween Vashti,
but di kween nor gri kom! Wetin di law sey make wi do to am?"
16 Den Memukan tell di king and en ofisas: "Kween Vashti nor only curse
di king, but e don curse en ofisas, In-short, e don curse di whole kingdom!
17 Evry woman for di kingdom nor go kon dey respet dia husband again
wons dem hear sey, 'King Zazes koll Kween Vashti make e kom meet am,
but di kween nor gri go.' 18 And before today go end, di ofisas for Persia
and Media wifes go hear dis tin wey Kween Vashti do so and dem nor go
ever respet and fear dia husband again.
19 "So if my king go like am, make yu kommand sey make Vashti nor ever
kom near di king again. Make yu let us rite am put for Persia and Media
law, so dat dem nor go ever fit shange am. Den yu go give en place as
kween to anoda betta woman. 20 Wen di whole kingdom don know wetin
yu do, evry woman go trit en husband with respet, weda e get money or
e nor get."
21 Di King and en ofisas like wetin Memukan tok kon do am. 22 E send
message go all di kingdoms for Persia and Media sey evry husband must
bi di head for en house and na wetin e tok, dem must obey.

# 2

*Kween Estha*

1 Leta wen di king nor dey vex again, e kon dey tink about wetin Vashti
do and wetin e kommand about am. 2 So some among di king advise wey
dey klose to am kon sey, "E go good make wi go find one fine girl wey bi
virgin for yu? 3 Make yu choose ofisas for evriwhere for di kingdom sey
make dem bring all di fine girls kom meet yu for Shushan wey bi di main
town. Make Hegai kare and trit dem well, bikos na en dey take kare of yor
wimen. 4 Den yu go take di girl wey yu like pass kon make am kween to
replace Vashti."
5 E get one Jew wey dey stay for Shushan and en name na Mordekai
wey bi Jair pikin; e kom from Kish and Shimei family for Benjamin tribe.
6 Wen King Nebukadnezzar for Babilon karry King Jehoiakim for Judah
from Jerusalem go prison with oda pipol, Mordekai family dey join dem.
7 Mordekai get one fine kousin wey en name na Estha and en Hibru name
na Hadassa. Wen di girl papa and mama die, Mordekai take and train am
as en own pikin.
8 Wen di king kommand make dem bring girls kom Shushan, Estha dey
join dem too. Estha sef dey di royal palis and na Hegai dey kare for all di
king wimen. 9 Hegai like Estha bikos of wetin e dey do and how e dey do
tins. E know waste time before e sey make dem dey trit Estha well both
for wetin e wont and food wey e go chop. E give Estha di best place to stay
kon choose seven girls from di royal palis wey go dey attend to am.

[10] Naw, just as Mordekai tok, Estha nor tell anybody sey e bi Jew.
[11] Evriday, Mordekai dey go meet Estha, so dat e go know how tins bi
with am.
[12] Dem trit di girls well for one year, dem massage dem with myrrh oil
for six monts and balsam oil for di oda six monts. Afta, dem kon dey
take each girl go meet di king. [13] Wen e rish time for any of di girls to go
meet di king, any klot or tin wey di girl ask for, dem dey gi-am. [14] E go-go
der for evening kon kom back for morning, den dem go take am go meet
Shaashgaz wey dey kare for di king girl-friends. Di girl nor go-go meet di
king again, unless di king like am kon ask of en name.
[15] Time kon rish for Estha to go meet di king. Estha na Abihail pikin and
Mordekai kousin and anybody wey si am, dey like am. Wen e turn rish,
e wear wetin Hegai wey dey kare for dem sey make e wear. [16] So for di
sevent year wen King Zazes dey rule, for di tent mont wey bi Tebet mont,
dem bring Estha kom meet King Zazes for di royal palis.
[17] Di king like am pass any of di oda girls and Estha kon win di king
heart. E put di royal crown for Estha head kon make am kween take
replace Vashti. [18] Den di king do big party kon invite all en ofisas to take
honor Estha. E give holy day to evribody for en kingdom kon give dem
betta-betta gifts.
[19] For di time wen dem dey karry di oda wimen go where dem go stay,
na Mordekai dey guide di palis gate. [20] Estha still nor let di king know sey
en bi Jew. Mordekai don tell am sey make e nor tell anybody and e obey
am, just as e dey always obey am.
[21] One day wen Mordekai dey work for di palis gate, Bigtan and Teres
wey bi ofisas wey dey guide di king door-mot kon dey vex and plan to kill
King Zazes. [22] Wen Mordekai know dia plan, e kon go tell Kween Estha,
den di kween tell di king wetin Mordekai tok. [23] Dem kon shek well and
dem fine out sey wetin Mordekai tok, na true, so dem kon hang di two
men. Dem rite all wetin happen so for di king rekord book.

# 3

*Haman Plan To Kill Jew Pipol*

[1] Afta, King Zazes kon promote Haman wey bi Hammedata pikin from
Agag town. E make en pozishon high pass evry oda pozishon for di
kingdom. [2] Bikos of dis, all di king savants wey dey for di king gate kon
dey bow and respet Haman, bikos di king don kommand sey make e bi
like dat. But, Mordekai nor gri bow or gi-am respet.
[3] So di king savants wey dey di palis gate kon ask Mordekai, "Wetin make
yu dey go against di king kommand?" [4] And wen dem tok to Mordekai well-
well and e nor ansa dem, dem kon tell Haman wetin Mordekai dey do, so
dat dem go hear wetin Heman go tok, bikos Mordekai don tell dem sey en
na Jew.
[5] Wen Haman si sey Mordekai nor gri bow or gi-am respet, e vex well-
well [6] and since e don know naw sey Mordekai na Jew, e kon sey e go
ponish am well-well. E kon dey plan to kill all di Jew wey dey di kingdom.
[7] For di twelft year wen King Zazes dey rule, for di first mont wey bi
Nisan, Haman kon sey make dem trow dice (na Purim dem dey koll am),
so dat e go know di rite day and mont to do wetin e plan. E kon agri to do
en plan for di thirtint day for di twelft mont, wey bi Adar.

8 So Haman tell di king, "E get one tribe wey dem full evriwhere for dis
yor kingdom wey get difren law. Dem nor dey follow di king law. So e nor
dey good for di king to allow dem live. 9 So my oga, if yu wont, make yu
kommand make dem kill all dis pipol. If yu do like dat, den I go get like
10,000 big sak for silva for di royal pus for di kingdom."

10 Di king kon remove en ring wey dem take dey stamp law, so dat e go
get pawa kon gi-am to Haman wey bi Hammedata pikin from Agag and
dis Haman na Jew enemy. 11 Di king tell am, "Make yu nor worry about di
money, just go do wetin yu like with di pipol."

12 So for di thirtint day for di first mont, Haman koll di king seketry kon
sey make e rite dis kommand for all di language for di kingdom kon send
am go meet all di rulers, govnors and ofisas for di kingdom. Dem rite am
with King Zazes name kon stamp am with en ring. 13 Di messenjas take di
kommand go all di aria for di kingdom. And di law wey dey inside sey for
di thirtint day for Adar mont, dem must kill all Jew pipol; weda dem yong
or old, both wimen and shidren kon take all dia propaty. 14 Dem must read
dis kommand to evribody for di kingdom, so dat dem go dey ready wen
dat day go rish.

15 Just as di king kommand, dem kon tok evritin for di main town for Shushan and di messenjas karry am go evriwhere for di kingdom. Di king and Haman dey drink and enjoy diasef, while evribody for Shushan town, dey run up-and-down.

# 4

*Estha Help En Pipol*

1 Wen Mordekai hear evritin wey dey happen, e tear en klot kon wear
sak, pak ashes for en head; den e go di town centre kon dey kry. 2 But e
nor waka pass di king gate: bikos nobody wey wear sak klot go fit pass
der. 3 And for evry aria where dem for read dis law, Jew pipol wey dey
der, dey kry, fast, wear sak klot kon pak ashes for dia head.

4 Wen Estha savants tell am wetin dey happen, e vex well-well kon sey
make dem go remove Mordekai sak klot kon wear am betta klot, but
Mordekai nor gri. 5 Den Estha koll Hatak, one offisa for di palis wey di
king sey make e dey serve am kon send am go ask Mordekai, make e tell
am wetin dey happen.

6 Hatak go meet Mordekai for di town centre for di palis gate. 7 Mordekai
tell am evritin wey dey happen and all di money wey Haman sey di
kingdom go get, wen dem don kill all Jew pipol. 8 E give Hatak one kopy
for di kommand wey dem read for Shushan, sey make dem kill all Jew
pipol. Mordekai sey make e go give and tell Estha evritin, so dat e go beg
di king make e sorry for en pipol.

9 Hatak do as Mordekai tell am, 10 den Estha sey make e go give Mordekai
dis message: 11 "If anybody, weda na man or woman enter di inna
kourtyard go si di king without sey e koll am, dat pesin must die. Dat
na di law; evribody from doz wey dey advise di king go rish evriwhere for
di kingdom, know sey na so e bi. But na only one way wi fit take break
dis law: if di king show pesin en gold rod, den dem nor go kill dat pesin.
But e don rish one mont since di king sey make dem koll mi kom."

[12] Wen Mordekai hear Estha message, [13] e kon sey make dem go warn
am, "Make yu nor feel sey yu dey save pass any oda Jew pesin, bikos yu
dey stay for palis. [14] If yu keep kwayet for dis time, God go send help kon
from heaven and wi go dey save, but yu go die and yor papa family go
end. Yu know weda na bikos of dis tin, na-im make yu bi kween!"

[15] So Estha ansa Mordekai: [16] "Go gada all Jew pipol for Shushan, den
make una fast and pray for mi. Make una nor chop or drink anytin for
three days and nites. Mi and my savants go do di same tin. Afta di fasting,
I go-go meet di king, even doh dat kind tin dey against di law. If na dat
one go make mi die, den make I die."

[17] So Mordekai kon go do evritin wey Estha tell am.

# 5

### *Estha Beg Di King*

[1] For di third day, Estha wear en royal dress kon go stand for di inna
kourtyard gate for di palis wey face di throne room and di king sidan for
di throne. [2] Wen di king si Estha for di gate, belle sweet am, den e stresh
en gold rod and Estha kon go tosh di rod.

[3] Di king ask am, "My kween, wetin dey happen? Make yu tell mi anytin
wey yu wont (even if na half of my kingdom), I go gi-am to yu."

[4] Estha ansa, "Abeg my king, I go like make yu and Haman kom di party
wey I dey organize for yu."

[5] So di king sey make dem koll Haman kom kwik-kwik, so dat dem go-go
Estha party.

Leta dat day, dem kon go di party. [6] As dem dey drink, di king kon ask
Estha, "Make yu tell mi wetin yu wont and I go do am for yu; even if na
half of my kingdom yu ask for."

[7] Estha ansa, "Dis na wetin I dey ask and pray for: [8] If my oga really
wont do wetin I go ask for, I go wont make yu and Haman kom di party
wey I go do for una tumoro, den I go tell yu wetin I wont."

### *Haman Plan To Kill Mordekai*

[9] Wen Haman dey go en house afta di party, e kon dey happy and belle
sweet am. But e kon si Mordekai for di palis gate and wen Mordekai nor
greet am as e dey pass, Haman kon dey vex well-well. [10] But e kontrol
ensef kon go house.

Den e invite en friends kom en house kon sey make en wife, Zeresh join
dem. [11] E kon dey boast give dem sey e get money well-well; many sons;
how di king don promote am and how e dey important to di king pass any
oda offisa. [12] Haman still sey, "Na wetin remain? Even di kween do party
for di king and na only mi e invite to follow am and e still sey make wi
kom back tumoro. [13] But all dis tin nor mean anytin as long as I dey si dat
Jew wey koll ensef Mordekai for di palis gate."

[14] So Zeresh en wife and en friends kon sey, "Go make one pole where
dem dey hang pesin put and make e high rish seventy-five fit. Tumoro
morning, make yu tell di king sey make dem hang Mordekai for der, den
belle go sweet yu go di party." Haman like wetin dem tok, so e kon make
di pole.

# 6

*Di King Honor Mordekai*

1 Thru-out dat nite, di king know fit sleep, so e sey make dem bring di
ofisas rekord book for di kingdom kom, den dem kon bring and read am
for am. 2 Di part wey dem read, na about how Mordekai take tok about
Bigtan and Teres (di king ofisas before) wey bin dey plan to kill King Zazes.
3 Di king kon ask, "Wi don honor and reward Mordekai for dis tin wey
e do?"

Di king savant ansa, "No! Wi neva do anytin for am."

4 Den di king ask, "Any of my ofisas dey di palis?" Naw, Haman just dey
enter di palis make e kom tell di king, sey make dem hang Mordekai.

5 Di king savants tell di king, "Haman just dey enter."

So di king sey, "Make una koll am kom."

6 So Haman enter inside and di king kon tell am, "Wetin wi fit do for di
man wey di king like to honor?"

Haman kon tink for en mind sey, "Wish pesin di king go wont honor,
escept mi?" 7 So Haman tell di king, "Make yu tell di savant make 8 dem
bring di king royal garment and di royal horse wey di king don ride before,
kom. 9 Den make one of di king men dress di pesin kon dey lead am thru
di town as e dey on-top di horse. Make di king offisa dey shaut as dem
dey go sey: 'Make una si how di king dey reward di pesin wey e choose to
honor!' "

10 Den di king tell Haman, "Make yu go kwik-kwik! Kollect di garment
and horse, den do all dis tins wey yu tok for Mordekai, di Jew wey dey di
palis gate."

11 So Haman take di klot and di horse kon wear dem for Mordekai. Den e
kon lead am thru di town dey shaut, "Make una si how di king dey reward
di man wey e choose to honor."

12 Den Mordekai go back to di palis gate, while Haman kover en face
with shame kon run go house. 13 Haman kon tell en wife Zeresh and all
en friends evritin wey happen to am.

En friends with en wife Zeresh kon tell am, "Yu don dey luz pawa to dis
Mordekai. E bi Jew pesin and yu nor go fit win am. True-true e go win
yu." 14 As dem still dey tok, di palis offisa kon hurry kom, so dat e go karry
Haman go Estha party.

# 7

*Haman Die*

1 So di king and Haman kon go chop with Kween Estha 2 for di sekond
time. As dem dey drink wine, di king kon ask Estha, "My kween, na wetin
yu wont make I do for yu? Make yu tell mi and I go do am for yu. I go
even give yu half of my kingdom."

3 Estha ansa, "Abeg! My king, if yu go agri with wetin I wont, den make
yu nor allow dem kill mi and my pipol." 4 Bikos dem don sey make dem
distroy, both mi and my pipol! If to sey dem just sell us as slaves, I nor for
tell yu about am, but dem go soon kill all of us finish.

5 Den King Zazes ask Kween Estha, "Na who won kill una? Where di
pesin dey?"

6 Estha ansa, "Na dis Haman bi di pesin wey won kill all of us!"

Den Haman kon dey fear as e dey look di king and kween. 7 Di king vex
kon stand up go di gardin, den Haman kon go knee down for di kween
front dey beg am, bikos e know sey di king go ponish am.

8 As Haman still knee down near Estha dey beg am, di king kon waka
enter from di gardin.

As di king si am, e kon sey, “So yu even won rape my wife, di kween for
my present?”

As di king still dey tok, dem kon kover Haman face. 9 Den one of di king
savant wey dem dey koll Harbona kon sey, “Na true, Haman even dig one
pit for en house where e won hang Mordekai put and na dis Mordekai
save my king life. Di pit deep rish seventy-five fit!”

Di king kon sey, “Make una go hang Haman put for di pit wey e dig!”
10 So dem kon hang Haman for di pit wey e dig for Mordekai. Den di king
kon stop to vex.

# 8

*Jew Pipol*

1 For dat same day, King Zazes give Kween Estha all di propaty wey
Haman, Jew pipol enemy, get. Estha tell di king sey Mordekai rilate to am
and from dat day go, Mordekai kon dey enter di palis as e like. 2 Den di
king remove en ring (di one wey e take back from Haman) kon gi-am to
Mordekai. And Estha sey make Mordekai kare for Haman propaty. 3 Leta,
Estha kon knee down dey kry as e dey beg di king make e do sometin
about di wiked tin wey Haman, wey kom from Agag, plan for Jew pipol.
4 Di king stresh en gold rod for Estha, so e get up kon sey, 5 “If di king like
and kare about mi and if e dey good for yor eye, make yu kommand yor
ofisas make dem nor do di tins wey Haman, Hammedata pikin, from Agag,
rite about all di Jew pipol for di kingdom. 6 Bikos how I wont take stay, if
dis tin happen and dem kon kill all my pipol?”

7 So King Zazes tell Estha and Mordekai sey, “Make una si, I don already
give Haman propaty to Estha and dem don hang am, bikos of en wiked
plan against Jew pipol. 8 But di pipol must do wetin dem kommand and
stamp with di king name. Yu fit rite anytin wey yu like go give Jew pipol
kon stamp am with di royal stamp with my name.”

9 Dis tin happen for di twenteth day for di third mont wey bi Sivan.
Mordekai koll di king seketry and dem take all di leta wey Mordekai rite
go give Jew pipol, ofisas and di govnor for di 127 aria for di kingdom wey
start from India go rish Kush. Dem rite dis kommand go give di pipol for
dia aria akordin to di language wey dem dey speak. 10 Mordekai rite am
with King Zazes name kon stamp am with di king ring, den e send dem
thru messenjas wey sabi ride horse fast-fast.

11 Di king give Jew pipol for di town, di pawa to gada and protet demsef,
so dat dem nor go fit distroy and kill dem. Dem fit fight anybody wey won
kon attack dem kon pak dia propaty. 12 Na di thirtint day for di twelft
mont wey bi Adar, na-im dem choose for Jew pipol to do dis tin for King
Zazes kingdom. 13 Dem sey make dem read one kopy for di law for evry
aria give all di pipol, so dat Jew pipol go dey ready for dat day, to fight dia
enemies.

[14] Di messenjas wey dey ride di king horse kon go with di king law. And
na for Shushan wey bi di main town dem for read di law.
[15] Mordekai wear royal garment wey dem make with purpol and white,
with one fine crown kon komot from di king present. [16] Jew pipol kon
dey happy well-well and belle sweet dem. [17] For evry aria for di kingdom
where dem for read di kommand, di Jew pipol for der go take holy day
kon do party with happiness. In-short, many pipol kon turn to Jew, bikos
dem dey fear di Jew dem naw.

# 9

*Jew Pipol Win Dia Enemies*

[1] Wen di thirtint day for di twelft mont (wey bi Adar mont) rish, di
day wey dem suppose do wetin di king tok. Na dis day Jew enemies tink
sey dem go distroy Jew pipol finish. Instead na Jew pipol kon distroy dia
enemies. [2] For anywhere wey Jew pipol dey start for di town, dem kon
gada demsef to fight anybody wey won fight dem. Pipol for evriwhere dey
fear dem and nobody gri near dem at-all. [3] All di oga for di arias, di shiefs,
di govnors and doz wey dey work for di king kon dey assist Jew pipol,
bikos dem dey fear Mordekai. [4] Dem kon know Mordekai for evriwhere,
bikos en pawa for di palis, dey strong evriday.
[5] So Jew pipol attack all dia enemies with swod kon kill dem well-well.
Dem do wetin dem like with dia enemies. [6] Jew pipol kill five hundred
men inside Shushan wey bi di main town. [7] Dem still kill Parshandata,
Dalfon, Aspatah, [8] Porata, Adalia, Aridatah, [9] Parmashta, Arisai, Aridai,
and Vaizata. [10] Dis na Haman wey Hammedata born, wey bi Jew pipol
enemy, ten sons. But even as Jew pipol dey do all dis tins, dem nor ever
tif or karry any propaty.
[11] For dat same day, dem kon go tell di king about di pipol wey dem kill
for Shushan. [12] Den di king tell Kween Estha, "For only Shushan, Jew pipol
don kill five hundred men and Haman ten sons! How many dem go don
kill for oda aria? So wetin yu still wont? Make yu tell mi and I go do am
for yu."
[13] Estha ansa, "If di king go agri, tumoro, make Jew pipol for Shushan
still do wetin dem do today kon hang Haman ten sons body."
[14] Di king kon orda sey make dem do am and dem read di law for
Shushan, den dem hang Haman sons body. [15] For di fourteent day for
di twelft mont wey bi Adar, Jew pipol wey dey Shushan kon gada go kill
anoda three hundred pipol for di town, but dem nor tosh or tif dia propaty.
[16] Di Jew pipol for di oda aria still gada defend demsef kon kill 75,000
of dia enemies, but dem nor tif or karry dia propaty. [17] Dis tin happen for
di thirtint day for di twelft mont wey bi Adar. Den, dem stop to kill for di
fourteent day kon do party.

*Purim Feast*

[18] Di Jew pipol for Shushan kon rest for di Fifteent day, bikos dem take
di thirtint and fourteent day take kill dia enemies.
[19] Dis na why Jew pipol wey dey stay small-small town dey celebrate di
fourteent day for di twelft mont wey bi Adar mont, as betta holy day to
give gift, food and oda betta tins.

[20] Mordekai rite dis tins kon send am to all Jew pipol wey dey di kingdom,
weda dem dey near or far sey, [21] "For evry year, make una take holy day
and celebrate for di fourteent and Fifteent day for Adar, wey bi di twelft
mont, [22] bikos na doz days Jew pipol take win dia enemies. Na den dia
problem and wahala turn to smile and happiness." Doz days go bi wen Jew
pipol free diasef from dia enemies, so dem go share gifts among demsef
and dash poor pipol gifts too.
[23] So Jew pipol obey Mordekai and dis celebrashon kon bi tradishon.
[24] Haman wey Hammedata from Agag born wey bi Jew pipol enemy, bin
make plans to distroy Jew pipol. E don trow dice to choose day wen dem
go kill and distroy dem. [25] But Estha go meet di king and di king give
orda make Haman use en own head karry di wiked plan wey e make.
So dem kon hang Haman and en sons. [26] Dis na why dem dey koll di
holy day "Purim" wey mean, "To trow dice." So, bikos of Mordekai leta
and wetin don happen to dem, [27] Jew pipol kon make law for demsef, dia
shidren-shidren and any oda pesin wey go turn to Jew sey, for di rite time
for evry year, dem must observe dis two days akordin to wetin Mordekai
rite. [28] Dem agri sey evribody wey bi Jew for di kingdom must obey dis
kommand about "Purim" from one generashon go anoda.
[29] Den Kween Estha wey bi Abihail dota, still support evritin wey
Mordekai rite about "Purim." [30] Dem send di kommand go give Jew pipol
for di 127 aria wey King Zazes dey rule. Di kommand na to let Jew pipol
know sey dem go get peace and dey save [31] and make dia shidren-shidren
obey "Purim law" for di korrect time, just as dem dey follow di fasting
and mourning laws. Na Mordekai and Kween Estha kommand dem like
dis. [32] Evritin wey Estha kommand about Purim law, dem rite am for di
offisial book.

# 10

*Mordekai*

[1] Di pipol wey dey near di sea for di kingdom, King Zazes kon force dem
dey work well-well. [2] Naw, all di great and wonderful tins wey e do, with
how e take promote Mordekai, dem rite dem for Media and Persia kings
book. [3] So Mordekai wey bi Jew kon bi next to King Zazes. En pipol wey
bi Jew dey respet, honor and like am well-well. E work make e for good
for en pipol, so dat dia shidren-shidren nor go sofa.

# Job

## Introdushon

Dis book na about Job and na to help us Ansa di kweshon about how human being dey sofa: Weda na bikos of sin pesin dey sofa or na God make pipol dey sofa? Just like di bad-bad tins wey happen before wey use some pesin take show di ansa to some kweshons about wetin life mean, na so too Job tok about dis tin wey sey God go bless good pipol kon ponish doz wey dey do bad, den doz wey dey live betta life go prosper and doz wey dey do wiked tins, go sofa di ponishment.

Di book show sey Job na betta pesin wey dey do wetin dey rite for God eye and wey dey prosper, but e kon bigin sofa at wons as e get diziz full body and all en shidren kon die finish. But e nor ever curse God and e bilive sey e nor do any bad tin even wen en friends dey sey make e tok wetin e do make God for forgi-am, bikos na sin dey kause dis kind sofa. Di main part for di book na di Hibru songs wey show how Job and en friends tok to one anoda. Di three friends like Job mate and one small boy wey bilive sey Job do wiked tins and na dis make am dey sofa. But Job still sey e nor do any bad tin and e kon beg God make E tink am as e ensef dey tink am (10:3-7). Bikos Job know sey e nor do any bad tin, e kon ask God sey make E judge am or end all di wahala wey dey happen to am. For di last chapters, God kon finally send one strong breeze wey ansa Job many kweshon. God diskribe en divine wisdom and how E take kreate di world. God tell Job sey ordinary human being nor go fit do or tink as God dey tink. God kon safe Job from all wetin en friends dey tok and dis one kon show sey nor bi pesin sin really make am dey sofa all wetin e dey sofa. At di end, Job kon prosper again and en life kon betta pass as e bi before.

*Job Good Life*

1 E get one man wey dem dey koll Job, e dey stay for Uz land and e dey
do wetin God wont. E dey serve God with klean belle and e nor dey do
bad tins. 2 E born seven sons and three dotas. 3 E till get 7,000 sheep, 3,000
kamel, 500 oxen, 500 donkey wey bi woman, plenty savant and na-im get
money pass for di east side for di kountry.
4 Job sons dey always do party one-by-one for dia house, wey evribody
dey kom chop and drink and dia three sistas dey kom too. 5 One dia party
finish, Job go koll and santify dem. For early morning, Job go offa sakrifice
for all of dem. "Bikos e bilive sey dem fit nor know sey dem don sin and
curse God." Job dey do dis tin evritime.

*Satan Akuse Job*

6 Naw, wen di day rish for God angels to gada before God, Satan follow
dem kom too. 7 God ask Satan, "Where yu from dey kom?"
Satan ansa, "I just dey waka anyhow for di world."
8 God kon tell Satan, "Yu know my pikin wey dem dey koll Job? Nobody
bi like am for di eart; e dey klean and e good well-well. E dey fear mi
well-well and e nor dey do bad tins."
9 Satan ansa, "Job go gri woship Yu, if e nor get anytin wey e go gain?
Yes, Job get good rizin to fear God. 10 Yu dey kover en, en family and all

di tins wey e get; Yu bless evritin wey e dey do and Yu don gi-am plenty
animals. 11 Just take evritin wey e get from am and e go curse Yu for yor
face!"
12 God kon tell Satan, "Okay, evritin wey Job get, dey for yor hand, but
make yu nor kill-am!"
So Satan komot from God present.

### *Satan Take Job Shidren And E Money*

13 One day, Job shidren dey do party for dia senior broda house, 14 den
leta, one savant run go tell Job sey, "Oga! Wi dey klear di land with yor
melu and di donkey dem dey for di oda side, 15 den at wons, Sabean pipol
just kom attack and karry all of dem go. Dem kill all di savant and na only
mi one eskape kom tell yu."
16 As e still dey tok, anoda savant run kom kon sey, "Oga! God fire fall
kom from heaven kon kill all di sheep and doz wey dey guide dem and na
only mi one eskape kom tell yu."
17 As dis one still dey tok, anoda savant run kom sey, "Oga! Kaldea pipol
form three group kom attack us. Dem karry all di kamel kon kill yor savant
dem and na only mi one eskape kom tell yu."
18 Before e tok finish, anoda savant run kom kon sey, "Yor shidren dey
do party for dia senior broda house, 19 den one kind strong breeze from
di wildaness blow di house fall kon kill all of dem. Naw, na only mi one
eskape kom tell yu."
20 Den Job stand up, tear en klot; barb en hair kon fall face groun. 21 Den
e sey,
"Dem nor born mi with anytin
and wen I die, I nor go karry anytin follow body.
Na God dey give and E don take.
Make wi praiz God name!"
22 With all dis tins wey dey happen so, Job nor ever blame, sin or curse
God.

# 2

### *Satan Test Job Again*

1 For anoda day, wen God angels gada before God again, Satan sef follow
dem kom too. 2 God kon ask am, "Where yu from dey kom?"
Satan ansa, "I just dey waka anyhow for di world."
3 God ask Satan, "Yu know my pikin wey dem dey koll Job? Nobody bi
like am for dis eart; e dey klean and good well-well. E dey do wetin God
wont and e nor dey do bad tins. Yu beg mi make I let yu attack am wen e
nor do anytin, but e still dey fear mi as before."
4 Satan ansa, "Di true bi sey, pesin go give Yu evritin wey e get, so dat e
nor go die. 5 Make Yu allow mi wound en body, den e go curse Yu for yor
face!"
6 God kon tell Satan, "Evritin dey for yor hand, but make yu nor kill-am."
7 So Satan live where God dey kon pak sore full Job body. 8 Job sidan
outside near dirty kon use breaki-breaki pot take dey skrape en sore.
9 En wife kon tell am, "Yu still dey respet dis God? Just curse am make
yu die!"
10 But Job tell en wife, "Wetin make yu dey tok anyhow! Wen God give
us good tins, wi take am. So naw wey trobol dey, make wi kon curse am?"

Even as all dis tins dey happen so, Job nor sin or curse God.

### *Job Friends Kom*

11 Job three friends hear wetin dey happen to am, so dem kon sey dem
go-go greet am. Dia names na Elifaz from Teman, Bildad from Shuh and
Zofar from Naamah. 12 As dem kom, dem si Job from far, but dem nor sey
na-im. Wen dem si sey na en, dem kon start to kry; dem tear dia klot kon
pak san full dia head. 13 Dem sidan with am for seven days and seven nite.
Nobody fit tok, bikos dem si as en kondishon bi.

# 3

### *Job Regret*

1 As last, Job kon tok and e curse di day wey dem born am. 2 Job kon sey,
3 "Make di day wey my mama born mi disappear
and make di nite wey e get my belle, vanish!
4 Make di day turn to darkness.
God! Make Yu nor remember dat day again;
nor let lite shine put again.
5 Make darkness and deat shadow kover am!
Make betta kloud dey on-top am;
make darkness kover en lite.
6 Make dat nite komot from kalendar;
make dem nor kount am join di days
and monts for di year again.
7 Make di nite empty
and e nor go get joy again.
8 Make di pipol wey dey curse day, curse am!
Make di pipol wey dey curse wota juju,
curse am too.
9 Make en morning star remain darkness.
Even wen e find lite,
make e nor si am
and make en day nor break.
10 Make Yu curse di day wey my mama born mi,
bikos na-im make mi dey face all dis trobol so o-o.

### *Job Pray To Die*

11 "Wetin make mi nor die before my mama born mi?
Or why I nor die as I just kom out from my mama belle?
12 Wetin make my mama karry mi for en lap?
Why my mama feed mi with en breast?
13 If to sey I die dat time,
I for dey rest naw;
14 with kings and govnors
wey bin build big-big house for demsef for dis eart.
15 I for dey rest with prince wey get gold
and wey silva full dia palis.
16 Why dem nor beri mi like pikin wey die before dem born am?
Like pikin wey nor live to si di lite?
17 Bikos for grave, wiked pipol nor fit do evil
and evribody wey dey der, dey rest.

18 Even di pesin wey dey prison before, dey rest,
bikos nobody dey opress am for der.
19 Evribody dey der,
both small and big
and even savants dey free from dia oga.

### *Job Dey Wait To Die*

20 "Wetin make God dey give lite to pesin wey dey sofa?
Why E dey give life to doz wey dey face trobol?
21 Dem dey find deat, but dem nor dey si am;
dem dey find am pass wetin dey precious.
22 Dem dey-dey happy
wen dem die go dia grave.
23 Wetin God give lite to doz wey nor get tumoro,
pipol wey God surround with wahala?
24 Instead make I chop, I dey kry
and my pain dey pour kom out like wota.
25 And naw, evritin wey I dey fear,
don dey happen to mi so o-o.
26 I nor get peace or rest
and my trobol nor gri end."

# 4

### *Elifaz First Tok*

1 Elifaz from Teman kon sey:
2 "Job! Abeg, make yu nor vex for wetin I won tok,
bikos I nor fit kwayet again.
3 Si, yu don tish many pipol
and give strent to doz wey dey weak.
4 Yor words don support pipol wey won fall
and yu don give strent to doz wey don taya.
5 Naw wey e rish yor turn to face trobol,
yu nor get heart again.
Yu nor fit stand am at-all.
6 Yu suppose get konfident and hope,
bikos yu dey woship
and trust God.
7 Make yu tink am sef,
den tell mi wish time pesin wey dey respet God,
dey sick.
8 But I don si and know sey,
pesin wey plan bad and evil tins,
go use en head karry am.
9 God dey skata doz kind pipol,
bikos E dey vex for dem.
10 Wiked pipol dey do like lion,
but God go skata and break dia tit.
11 Dem go die like lion wey nor si food chop
and all dia shidren go skata.
12 My savant kom tell mi word small-small,
but I nor hear wetin e tok well.

13 E kom tell mi like sey na dream
for nite wen evribody dey sleep.
14 I fear and all my body kon dey shake.
15 Na small breeze blow my face
kon make my hair stand.
16 Sometin stand for der and even wen I look,
I nor fit si wetin e bi.
17 E get any man wey dey innocent before God?
E get anybody wey dey klean before di Pesin wey kreate am?
18 If God nor even bilive en savants wey dey heaven;
dey si komplain for en angels body,
19 yu tink sey E go bilive who E make from san;
sometin wey bi dust wey fit skata like ant house?
20 Somebody fit dey alive for morning kon die for nite,
before odas go know.
21 Dem go take evritin wey e get
and e die without wisdom.

# 5

1 "Job, make yu koll naw,
if anybody go ansa yu?
Na who dey holy wey yu won go meet?
2 Na vexnashon dey kill who nor get sense
and na jealousy dey kill fool.
3 I don si sey fool fit dey progress,
but na wons wahala go kom distroy evritin wey e get.
4 Dia shidren nor dey save; no lawyer dey to defend dem for kourt.
5 Doz wey dey hongry go chop wetin di fool dem plant;
grass go grow kover wetin dem plant.
Pipol wey get long-trot, go tif dia propaty.
6 Evil nor dey grow from dust
or trobol from groun.
7 But just as lite dey shine go up,
na so too dem born pesin enter trobol.

### *Di Blessing*

8 "But if na mi, I go look for God
kon komplain gi-am.
9 Wi nor go fit know di great tins wey E dey do
and en wonders nor get end.
10 E dey give rain to di eart
and wota for di san.
11 Na God dey karry doz wey dey honbol go up
and give joy to doz wey dey mourn.
12 E skata and make sure sey wayo pipol
nor fit do wetin dem plan!
13 E dey katch pipol wey feel sey na dem get sense pass
kon end dia wayo work.
14 Dem dey waka for darkness for day time.
For aftanoon, dem dey waka dey find road
like sey dem dey darkness.

15 But na God dey save poor pipol from deat.
E dey save doz wey nor get,
from doz wey get pawa.
16 E dey give hope to di poor
kon silent wiked pipol.
17 Na blessing dey follow di man wey God korrect!
So make yu nor komplain wen God dey ponish yu for yor sins.
18 God go kover where E for wound yu;
na en hand wound yu
and na dat same hand E go take heal yu.
19 E go save yu from trobol six times
and wen e rish di sevent one,
evil pipol nor go fit tosh yu.
20 Wen honga kom, E go keep yu alive;
wen war kom, E go protet yu, so dat yu nor go die.
21 God go diliver yu from trobol;
E go save yu wen distroshon kom.
22 Yu go laf trobol and honga;
yu nor go fear wiked animals again.
23 Di land wey yu klear go dey free from stones
and wild animals nor go kom near am.
24 Peace go dey yor house
and wen yu look yor propaty,
evritin go komplete.
25 Yu go get many shidren!
Dem go plenty like grass for dis eart.
26 Just as rice dey wait until den won harvest am,
na so too yu go old before yu die.
27 Job, wi don study dis tin wey dey happen
and wi know sey na true.
So, hear dis words make yu use am for yor own good."

# 6

*Job Ansa Elifaz*

1 Den Job ansa:
2 "If dem put my trobol
and pains for skale,
3 dem go heavy pass san wey dey for sea,
bikos dem dey heavy
and na dis make knee dey tok like dis.
4 God arrow don enter my body
and dia poizin dey flow inside my spirit.
God don make mi dey fear.
5 Donkey dey fear wen e dey chop grass?
Abi melu dey kwayet wen e dey near food?
6 But who fit chop food wey nor get salt or taste?
Or wish kind taste dey for di white part for egg?
7 I nor fit tosh dat kind food,
bikos e dey make mi sick.

### *Job Cry For Dead*

8 “Why God nor gri give mi wetin I ask for?
Why E nor ansa my prayer?
9 I wish sey God go distroy mi!
I wish sey E go just kill mi with en hand.
10 Aldo I get mind with dis sey:
Even with all di pains wey I get,
I neva ever go against God word.
11 Wish kind pawa I get to still dey alive?
Why I still dey live wen I nor get hope?
12 Na stone dem take make my strent?
Abi my body na bronze?
13 I nor get strent to take help mysef
and all my pawa don komot from my body.

### *Yeye Friends*

14 “Pesin wey dey face dis kind trobol,
e suppose get betta friends;
weda e forget God or not.
15 But my friends, una don show sey una bi like wota
wey dry bikos rain nor fall!
16 Di wota dark bikos ice-blok
and snow don kover dem.
17 But wen hot weda kom, di wota go disappear.
Wons heat dey, di wota go vanish from where dem dey.
18 Animals wey dey pul karavan waka lost,
bikos dem dey find wota
and dem waka die for dry land.
19 Animals wey dey pul karavan
wey kom from Sheba and Tema
nor find dem,
20 but all dia hope die
for dry river.
21 To misef, una bi like dat wota;
una si fear kon bigin shake.

### *En Friends Dey Fear*

22 “I don ever sey, ‘Make una give mi sometin,
or make una give money to pesin for mi?
23 Or make una save mi from my enemy pawa
and from wiked pipol?’

### *Dem Nor Si Any Sin*

24 “Okay! Make una tish mi;
make una tell mi my fault
and I go kwayet listin to una.
25 True word dey pain o-o!
But wetin yu dey tok nor make sense.
26 My own word wey bi true nor dey good,
but na di yuzles words yu like.
27 Yu go gambol for di pipol wey nor get papa again.
Bikos of money, yu go sell yor friends wey like yu well-well.

28 Make yu look mi for face,
I nor go lie give yu.
29 Yu don try well-well, stop to tink bad tins
Nor kondemn mi again, bikos I dey rite.
30 Yu feel sey I dey lie?
Yu feel sey I nor know rite from wrong?

# 7

*Short Time For Life*

1 "Evritin wey man dey do for dis life nor bi struggol?
Abi awa days nor bi like savant wey dem hire to work?
2 Like savant wey dey wait make nite kwik kom;
like worker wey dey wait make dem pay am.
3 Mont to mont, I nor get anytin to live for;
evry nite dey kause pain for mi.
4 Wen I sleep, I dey tink dey sey,
'Wen day go take break?'
I dey waka for nite dey wait make day break.
5 Worm don full my body,
sickness don kover my body with dirty;
my body don skata with sore.
6 My days just dey run kwik-kwik like moto;
but for di end, I nor get hope.
7 My God! Make Yu remember sey my life bi like breeze
and my happiness don end.
8 Una dey si mi naw with una eyes, but una nor go si mi again.
Wen una dey look for mi, I go don go.
9 As kloud dey vanish, na so who die
nor dey kom back again.
10 E nor go ever kom back to en house
and nobody go si am again.

*Job Komplain About Ensef*

11 "No! I nor go fit klose my mout;
I dey vex for my spirit, so I must tok.
I must tok as e dey pain mi for my mind.
12 Why Yu put mi for kage make pipol dey look mi?
I bi wota juju?
13 Make I sey my bed go give mi rest
and my pillow go reduce my komplain?
14 But Yu still dey make mi fear for dream;
yor vishon dey make mi fear well-well.
15 E betta make I kill mysef,
dan dis kind wiked life wey I dey live.
16 I don taya for life; I nor go live forever.
Abeg make yu live mi, bikos my life nor good.

*Man Nor Mean Anytin*

17 "Wetin bi man wey Yu dey worry for?
Why Yu dey borda yorsef with di tin wey Yu kreate?
18 Yu dey visit am for morning and evritime,

Yu won try or test am.
19 Nor look mi again, make Yu leave mi alone,
so dat I go swallow my own spit.
20 Yu wey dey wosh us, na wetin I do Yu?
Abi I don sin against Yu?
Why Yu dey target mi?
I bi wahala to Yu?
21 Yu nor fit just forgive mi my sins?
Yu nor fit just sorry for all di bad tins wey I do?
I go soon die and wen Yu dey look for mi,
I go don go."

# 8

*Bildad Tok*

1 Bildad wey kom from Shuah kon sey:
2 "Job, wen yu go stop to dey tok like dis,
wen e bi sey di word wey dey yor mout bi like strong wind?
3 Abi God nor dey like justice?
Abi God nor dey do wetin dey rite?
4 Yor shidren go don sin against God,
naim make am pay dem for dia sin.
5 But if yu look up to God
kon beg di Oga wey dey mighty;
6 if yu klean yorsef kon koll am yor Savior,
E go help yu kon give yu back evritin.
7 Yor biginnin fit dey small for eye naw,
but yor ending go betta well-well.
8 Make yu ask generashons wey don pass;
tink and follow di trut wey dem sabi;
9 bikos dis life wey wi dey so, short well-well.
Wi nor know anytin at-all and awa days
for dis eart bi like shadow wey go kwik vanish.
10 But make yu let doz wey get sense before dem die, tish yu;
make yu listin to wetin dem dey tok:
11 Papyrus plants fit grow for where river nor dey?
Abi reed fit grow without wota?
12 If wota dry, na dem go first die
wen e neva rish to kut or use dem.
13 Pipol wey nor dey fear God bi like di reed;
dia hope don go as dem just forget God.
14 Dem bilive bad-bad tins
and dia sekurity bi like spider house.
15 If dem rest for spider house, e go fit hold dem?
If dem hold di spider rope, e go fit make dem stand?
16 Wiked pipol plenty like betta grass for sun wey dem dey wota,
wey skata around di gardin.
17 Dem wrap dia rut for plenty stone
kon dey look for where dem go hide put for di rock.
18 But if dem rut dem komot for dia place,
dat place go rijet dem kon sey,

'I neva si una before!'
19 Yes, dat na all di joy wey wiked pipol get
and from inside di eart,
odas go kom take dia place.
20 But God nor go ever help wiked pipol
kon let pesin wey dey fear am, sofa.
21 E go pak laf full yor mout
and yor lip go dey happy.
22 But E go disgrace pipol wey hate yu
and wiked pipol house go vanish."

# 9

### *Job Ansa Bildad*

1 Den Job ansa:
2 "Yes, all dis tins wey yu dey tok so,
I don hear dem before.
But how pesin go fit take win kase with God?
3 Wetin go make pesin argue with God?
E go fit ask God kweshon wey E
nor go fit ansa?
4 God too get sense and en pawa dey mighty;
nobody fit stand against am.
5 E dey move mountins anytime E wont
kon skata dem with vexnashon.
6 God wey shake di eart komot from where e dey!
E shake di pilas wey support di eart.
7 Di One wey kommand di sun and di sun nor raiz;
di stars sef nor shine for nite.
8 Na only en make di heavens
kon waka on-top wave for sea.
9 Na God make di Bear, Orion, di Pleiades
and di sky for sout.
10 Wi nor go fit undastand di great tins wey E dey do
and all di wonderful tins wey nobody fit kount.
11 Even if God pass naw, I nor go fit si am.
If e waka pass, I nor go even smell am sef.
12 Nobody fit stop am. E dey take wetin E won take.
Nobody fit even ask am, 'Wetin Yu dey do?'
13 If God dey vex, nobody go fit stop am.
Even juju for wota dey under en leg.

### *To Face God For Kourt*

14 "So, na how I won take
find word take ansa God?
15 Even if I nor do any bad tin,
di only tin wey I fit still do na
to beg for mesi from God wey bi my judge.
16 Even if I koll am and E ansa mi,
I nor go bilive sey E dey listin to wetin I dey tok.
17 E send breeze kom attack and wound mi,

even doh I nor do any bad tin.
18 E nor let mi breath well;
E don kover my life with bitterness.
19 Even if na to use pawa, E strong pass mi.
Abi I go fit take am go kourt?
Who go fit bring am kom di kourt?
20 I know sey I nor do any bad tin, but my mout fit kondemn mi.
Even doh I dey innocent,
my mout go still fit put mi for wahala.
21 I know kare again, life don taya mi,
bikos I know sey I nor do any bad tin.

### *God Justice Na For Evribody*

22 "All of dem na di same!
Na dis make mi dey sey,
E dey distroy both who nor do anytin
and di ones wey dey do bad tins.
23 Wen pesin wey nor do bad tin die like dat,
God go just dey laf.
24 God don give dis eart to wiked pipol
kon kover all di judge dem face.
If nor bi en do am, den na who fit?

### *Job Still Dey Komplain*

25 "No day good for my life since dem born mi
and dem nor dey last.
26 My life just dey rush pass like speed boat;
like eagle wey won katch rabbit.
27 If I tok sey I go forget my komplain
or I go try to dey happy,
28 my trobols go still kom back again;
den I go know sey Yu dey hold mi
bikos of di bad tins wey I do.
29 If I dey guilty,
wetin go make mi komplain?
30 Even if I use soap wosh my body
and make my hand klean well-well,
31 Yu go still trow mi put for dirty pit
and even di klot wey I wear, go rijet mi.
32 If to sey God na pesin, I for ansa am.
Wi for go setol awa matter for kourt.
33 Nobody fit setol us!
Nobody go fit setol mi and my God.
34 Who go fit stop god make E nor ponish mi again,
so dat e nor go make mi fear again.
35 Den I nor go fear as I dey tok,
but naw, nor bi so e bi with mi.

## 10

### *For Revelashon*

1 "Life don taya mi;

so make Yu hear as I dey tok how my heart betta rish.
2 I go tell God sey, ‘Before Yu kondemn mi,
first tell mi wetin I do wey make Yu dey vex.’
3 E good as Yu dey opress mi?
Yu dey opress wetin Yu make with yor hand.
Yu dey happy for wetin wiked pipol dey do?

### *Make God Give Mi Hope*

4 “Yu dey si tins di wey wi dey si dem?
Abi Yu get di kind eye wey human being get?
5 Yor life short like awa own?
Abi yor years know long life awa own.
6 Den wetin make Yu dey look for my sins
and evry mistake wey I make?
7 Even doh Yu know sey I nor dey guilty,
e nor get who fit save mi from yor hand.

### *As God Dey Do Tins*

8 “Na di same hand wey Yu take make mi,
Yu won take skata mi?
9 Make Yu remember sey na san Yu take make mi;
so Yu won turn mi to dat san again?
10 Na yor pawa my papa take born mi;
na Yu make mi grow for my mama belle.
11 Yu make my body with bone kon kover
am with flesh and skin.
12 Yu don give mi life kon show mi yor love wey nor dey die.
Na bikos yu kare for mi naim make mi still dey alive.
13 But na naw I know sey for all dat time,
Yu dey plan to wound and kill mi.
14 Yu dey look to si weda I go sin,
so dat Yu nor go forgive mi.
15 If I sin, na big wahala Yu dey give mi,
but if I do betta tin,
Yu nor go gri reward mi.
I don taya, na shame
and trobol kover mi so.
16 If I sey make I karry body up,
Yu go porshu mi like lion
and na mi Yu go use take show yor pawa.
17 Yu must get pipol wey go tok against mi;
yor vexnashon dey big evriday by day
and na new attack Yu always dey plan for mi.

### *Make I Rest*

18 “God! Why Yu let my mama born mi?
I for don die, before anybody si mi.
19 To die for my mama belle,
for betta pass dis one wey I dey so.
20 Abi my life neva finish?
Make Yu leave mi with my own!
Abeg, make I enjoy di small life wey I still get.

21 I go soon go di land where Yu nor go fit si mi
and I nor go kom back again.
22 I go-go di dark place where dead pipol and konfushon dey.
Place where lite nor dey-dey."

# 11

### *Zofar Tok To Job*

1 Zofar wey kom from Naamah kon tell Job:
2 "So nobody won ansa all dis nonsense wey yu dey tok?
Na bikos yu too tok make yu feel sey yu dey rite?
3 Yu feel sey yu words nor go make mi tok?
As yu dey tok to God as yu like,
so nobody fit tell yu sey wetin yu dey do nor good?
4 Yu sey, 'My tishing dey pure
and I dey klean for God eye.'
5 But I wish sey God go just ansa
and open en mout against yu.
6 E go show yu sey wisdom get many side.
Wisdom nor bi simpol matter.
God nor even ponish yu rish as yor sin many rish.
7 Yu fit find out where God from kom?
Or how E take dey get en mighty and strong pawa?
8 God high pass di heavens;
so wetin yu go fit do?
E deep pass where dead body der;
so wetin yu feel sey yu know?
9 God big pass di eart
and E wide pass di sea.
10 If God arrest and put pesin for prison or karry am go kourt,
na who won stop am?
11 God know pipol wey dey lie;
E dey si all di sins wey dem dey kommit.
12 Pesin wey nor get sense,
nor go fit wise unless donkey go fit born human being.
13 But for yu Job!
Make yor heart dey rite before yu koll God.
14 If yu dey hide do wiked and bad tins,
make yu stop am.
15 Na dat time yu go fit face di world without fear
and yu go dey innocent.
16 Dat time all yor trobols go vanish
like wota wey dey flow pass
and dem nor go remember am again.
17 Yor life go shine pass aftanoon sun
and di dark hours for life,
go give yu morning lite.
18 Bikos wi get hope, yor life go dey well;
God go protet and give yu rest.
19 Yu nor go fear yor enemies again
and pipol go dey kom beg yu for help.

20 But wiked pipol eye go blind
and dem nor go si where run go.
Di only hope wey dem get,
na make deat kom karry dem go."

# 12

*Job Ansa Zofar*

1 Den Job ansa:
2 "True-true, una know pass evribody.
So wen una die, wisdom go follow una die too.
3 But I get sense as yu get too.
E nor get how yu take betta pass mi,
bikos evribody know evritin wey yu dey tok.
4 Even my friends dey laf mi naw;
dem dey laf, but I know sey I nor do any bad tin.
I bilive sey God go ansa my prayers.
5 Yu nor get trobol,
but yu still dey laf mi;
pesin wey won fall before,
yu don kuku nak am make e for kwik-kwik fall.
6 But tif and pipol wey nor dey fear God dey live for peace,
even doh na God hand dem dey.

*God Wisdom*

7 "Even bird and animals get many tins
wey dem go tish yu.
8 Make yu ask di eart
and sea make dem kom tish yu wisdom.
9 All of dem know sey na God by ensef dey
kause all dis wahala for mi,
10 bikos na God hand dey hold di eart
and evribody dey alive bikos of en pawa.
11 But as yor tongue dey taste food,
na so too yor ear dey hear word.
12 Old pipol get wisdom?
Abi long life nor dey bring undastandin?
13 But God get wisdom and pawa.
E know and undastand many tins.
14 Wen God skata,
who go fit build am again?
And who go fit free pesin
wey God put for prison?
15 Evriwhere go dry if God sey make rain nor fall
and river go only flow wen God gi-am wota.
16 Na God get strent and wisdom;
di pesin wey dey lie and di one wey dem dey lie give,
all of dem dey God hand.
17 E dey make leaders bihave like fools
kon take wisdom from rulers hand.
18 E dey remove kings from dia throne
kon make dem prisonas.

19 E dey honbol priests
and ova-trow doz wey dey pawa.
20 E take di wisdom wey old pipol get
kon silent doz wey dey advise odas.
21 E disgrace princess
kon take pawa komot from rulers hand.
22 E open all di sekret tins wey dem hide for darkness
kon put lite for where deep pass.
23 Na-im dey give nashons pawa
kon still skata dem again.
24 E make leaders bi like fools
kon make dem waka lost for desert.
25 Dem dey waka find road for darkness.
E make dem stagga like man wey don drink well-well.

# 13

*Job Beg God*

1 “True-true, my eyes don si all dis tins,
my ear don hear dem and I undastand dem well.
2 Wetin yu know, I know am too.
Mi and yu na di same.
3 But I wish sey I fit tok to God, nor bi yu.
I won make mi and God setol dis matter.
4 Yu bi oga for lie-lie;
yu bi like doctor wey nor fit trit pesin wey dey sick.
5 If to sey yu just kwayet,
dat for bi wisdom for yu.
6 So naw make yu listin to my words;
listin as I dey beg.
7 Yu won use lie defend God?
Abi all dis yor wayo argument na to help God?
8 Abi yu dey try to tok for am?
Na yu won tok for God?
9 If God look yu well-well, E go si any good tin for yor body?
Yu feel sey yu fit fool God as yu dey fool human being?
10 Even if yu dey pritend sey yu dey sorry for mi,
God go still katch and ponish yu.
11 Abi en pawa nor go make yu fear?
Yu sure sey di fear nor go kill yu so?
12 Di words wey yu dey tok nor dey good at-all,
dem dey yuzles like ashes;
dem dey skata for groun like klay.
13 Make yu shut up yor mout,
so dat I go tok. Wetin go bi, go bi.
14 Why I dey risk my life like dis?
Why I dey take decision for mysef?
15 Even if E kill mi, I go still dey bilive am;
I go still tell am wetin dey do mi!
16 E fit bi sey my boldness fit save mi,
bikos know wiked pesin go try sey e won face God.

17 Naw, make yu listin to wetin I dey try to tok;
make yu open yor ear well.
18 I don dey ready to komplain gi-am,
bikos I know sey I dey rite.
19 Anybody fit argue with mi for dis matter?
But if Yu sey I dey wrong,
I go kwayet till I die.
20 Abeg make I ask for two tins and make Yu do dem for mi,
den I nor go hide from Yu.
21 Make Yu remove yor hand from my life
and nor make mi fear again.
22 God, make Yu koll mi and I go ansa or make I tok,
so dat Yu go ansa mi?
23 Wish kind sin I kommit sef?
Wish kind bad tin I do?
Wish kind wrong tin Yu sey I do?
24 Why Yu dey hide from mi?
Why Yu dey trit mi like sey I bi yor enemy?
25 Na ordinary leaf wey breeze dey blow Yu won fight?
Abi na dry leaf Yu won porshu?
26 Yu just dey rite bad tins against mi;
even di ones wey I kommit wen I bi small pikin.
27 Yu don put big shain for my leg and evriwhere wey I waka go,
Yu dey wosh mi.
28 Naw, I don turn rotin wood
and I bi like klot wey worm chop anyhow.

# 14

### *Life Short*

1 "Na short life na-im man wey woman born
get and na trobol full am.
2 Wi dey grow and dry kwik-kwik like flower;
wi dey vanish like shadow and nor-tin dey remain.
3 Yu dey open eye look dis kind pesin?
Yu go gri judge mi so?
4 No klean tin fit kom from wetin
nor klean like human being.
5 Yu know as human being life bi from di biginnin.
Even di nomba of dia days wey dem go live,
Yu don setol am and Yu nor dey shange.
6 So make Yu live us alone make wi rest!
Wi bi like pipol wey dem hire to work,
so allow us finish awa work with peace.

### *Deat Must Happen*

7 "Tree wey dem don kut for groun get hope,
bikos e fit still grow again and e nor go die.
8 Even if di rut don old
and dia part dem don dey die,
9 wen wota tosh am,
e go grow like seed wey dem just plant.

10 But if pesin die, na di end bi dat.
Dem don die; so where dem dey naw?
11 Like wota wey stop to flow
and river wey dry,
12 na so too pipol wey die
nor go kom back again.
Dem nor go fit si di sky for day time again,
bikos dem don sleep go.

### *Anoda Life*

13 "I wish sey Yu go hide mi for where dead body dey;
den wen Yu nor dey vex again,
Yu go remember mi.
14 If pesin don die, e fit kom back to life?
But I go wait for betta time wen dis trobol don pass mi.
15 Den, Yu go koll and I go ansa
and Yu go kon like mi wey Yu use yor hand take make.

### *Di Kondishon*

16 "Naw, bikos na Yu dey kount my steps,
Yu nor go kount my sins again.
17 Yu go forgive and kover my sins.
Yu go tie dem put for bag.
18 Just as mountin dey fall
and rocks dey move from where dem dey.
19 Just as wota dey wosh stone klean
and heavy rain dey wosh di san,
na so too Yu take distroy awa hope for life.
20 Yor pawa strong pass awa own.
Yu porshu us komot for dis life.
Wen wi die,
Yu dey make us resemble anoda tin.
21 Even if awa pikin win award, wi nor go know,
bikos wen pesin don die,
e nor dey know wetin dey happen again.
22 But en body go pain am
and en soul go kry for am."

## 15

### *Elifaz Tok Again*

1 Den Elifaz wey kom from Teman kon tell Job:
2 "Pesin wey get sense dey tok anyhow?
Abi di east wind fit make am beleful?
3 No wise pesin go tok as yu dey tok so
or sey en dey rite with en yeye words?
4 Yu nor dey fear God?
Yu nor dey respet am at-all?
5 Na yor sin dey kontrol yor mout
and na yeye words yu choose to tok.
6 E nor get any nid for mi to kondemn yu;
bikos only yor words don kondemn yu.

7 Na yu bi di first man wey dem born?
Dem don born yu before God kreate di mountins?
8 Yu dey hear di plans wey God dey make?
Na only yu get human being sense?
9 Wetin yu tink sey yu know wey wi nor know?
Wetin yu feel sey yu undastand,
wey wi nor undastand?
10 Wi learn and get awa sense from old pipol;
pipol wey dem born before yor papa.
11 God konfort too small for yu?
Abi en gentol words nor rish for yu?
12 Wetin make yu nor dey rizin well again?
Wetin make yor eyes dey weak,
13 sotey yu dey tok all dis kind words,
bikos yu dey vex for God?
14 Any human being fit dey klean?
Anybody fit dey rite before God?
15 God nor even bilive en own angels,
bikos dem nor klean rish for en eye,
16 how E won take bilive man wey dey drink bad
and wiked tins like wota?
17 If yu go gri listin, I go esplain give yu.
I go ansa yu from wetin I know.
18 Pipol wey get sense don tish mi trut
wey dem learn from dia papa;
19 doz wey God give di land
before any strenja kon stay with dem.
20 Wiked pipol go sofa ponishment as long as dem dey dis eart.
Na pains go full dia years for dis world.
21 Vois wey dey make pesin fear nor go leave dia ear
and where dem feel sey dem dey save, tif go kom meet dem for der.
22 Dem nor get hope to kom out from darkness,
bikos swod dey wait to kill dem trowey.
23 Dem dey waka anyhow dey find food.
Dem know sey di day wey God go distroy dem don near.
24 Just like wen strong king dey wait to attack en enemies,
na so too fear and pain dey make dem shake,
25 bikos dem dey tok to God anyhow,
dey make mout for di Oga wey dey mighty.
26 Dem hold dia strong swod
dey won fight di Oga God.
27 Dis wiked pipol big and dem dey prosper;
dia waist fat well-well too.
28 But dia towns go skata.
Dem go stay for abandon house wey don near skata.
29 Dia money nor go tey for dia hand
and nor-tin wey dem get, go last.
Even dia propaty go finish.
30 Dem nor go fit run from darkness;

dem go bi like tree wey en branches don burn finish
and dem go skata as God breath.
31 If dem nor get sense rish
and dem kon dey bilive bad tins,
na di bad tins go follow dem.
32 Dem go die finish before dia time go rish den dia branches
nor go ever green again for life.
33 Dem go bi like tree wey dem kwik plok en fruits;
like olive tree wey lost en beauti.
34 Doz wey nor dey fear God nor go get anytin at-all
and na fire go burn di house
wey dem build with wayo money.
35 Dis na di pipol wey plan trobol and born wikedness. Na lie full dia belle."

# 16

### *Job Ansa Elifaz*

1 Job ansa:
2 "I don hear many words like dis before.
Yor konfort na more trobol for mi!
3 All dis yeye word wey yu dey tok neva taya yu?
Wetin make yu still dey ansa mi?
4 If na yu dey face wetin I dey face so;
true-true, I go tok di same tin wey yu dey tok.
I go shake my head kon tok against yu.
5 But fit to sey na mi I for enkourage yu.
I go try reduce yor pains.

### *God And Man Don Leave Mi*

6 "But e nor get wetin I go tok give yu,
wey fit help mi and even if I kwayet,
e nor go remove my pains.
7 My Oga God, true-true, Yu don kill my full family
and Yu don make life taya mi.
8 Yu don seize and turn mi to yor enemy.
Na skin and bone I bi
and pipol dey use am against mi.
9 God don skata mi, bikos E dey vex.
E tear mi with en tit
and dey look mi one kind.
10 Pipol dey curse and laf mi.
Dem dey slap mi for face
and dem don gada against mi.
11 God don karry mi give wiked pipol.
E don put mi for evil men hand.
12 I dey live for peace before,
but God don skata mi.
E seize mi for my neck kon skata my life.
E dey plan against mi.
13 E dey shot mi with en arrow from difren direcshon.
E nor sorry for mi wen E dey wound mi

and na my blood wet di groun.
14 E wound mi many times.
E attack mi like soja wey hate pesin.
15 I dey mourn with sak klot
and I use san take kover my face.
16 I kry sotey my eyes don dey red
and swell-up and naw,
na only darkness I dey si.
17 I dey pray to God from my heart,
bikos I know sey I nor do any bad tin.

### *God Na My Witness*

18 "Dis groun, na beg I dey beg yu,
make yu nor kover di bad tins wey dey happen to mi;
nor kwayet naw wen I dey kry for help!
19 I know sey pesin dey for heaven
wey go stand fight for mi.
20 My friends dey tok against mi
and I dey kry give God.
21 Abeg, I nid pesin wey go help mi beg God,
just as pesin dey beg en friend.
22 My years nor plenty again
and I go soon go where I nor go fit kom back again.

## 17

1 "My spirit don weak well-well and my life go end just naw.
Na grave dey wait mi naw.
2 Na pipol wey dey laf mi dey round mi;
e dey pain mi as I dey look how dem dey wiked mi.
3 God, make Yu show sey I dey innocent,
bikos nobody gri bilive or fight for mi.
4 Yu don klose dia mind,
dem nor go fit undastand anytin,
but make Yu nor let dem win mi.
5 Pesin wey sell en friend bikos of money,
na en shidren go sofa am.
6 Naw, God don make pipol dey laf mi;
dem dey kom spit for my face.
7 My eyes don swell-up bikos of kry;
my body don tin like broom.
8 Good pipol dey shok wen dem si mi.
Doz wey dey innocent go tok against doz wey nor dey fear God.
9 But doz wey get good heart,
dey do wetin dey rite and di ones wey get klean hand,
dey strong evriday.

### *Make Deat Kwik Kom*

10 "But if all of dem kom follow mi stand,
I nor go even si one wey wise.
11 My plans don fail;
my days go soon end
and I nor get hope again.

12 But my friends don turn nite to day;
dem sey lite don near,
but na darkness I dey si.
13 My only hope na where dead body dey,
where I go for go sleep for darkness.
14 If I sey, 'Grave na my papa'
and di worm wey dey chop mi,
'Na my mama and sistas,'
15 any hope go still dey for mi?
Who dey bilive sey I still get hope?
16 No, my hope go follow mi wen I dey go where dead body dey?
Wi go-go grave togeda?"

# 18

*Bildad Still Tok*

1 Bildad wey kom from shuh kon sey:
2 "Job, wen yu go stop to dey tok?
If yu stop, wi go tok to yu.
3 Wetin make yu dey feel sey wi
nor get sense like animals?
4 Yu just dey kill yorsef with vexnashon.
Make di eart skata, bikos yu dey vex?
Abi make mountins shake komot where e dey?
5 Wiked pipol lite go soon off;
dia fire nor go ever burn again.
6 Di lite for dia house go dark;
di lantan wey dey dia room go off.
7 Dem dey waka well before,
but naw, dem go dey stagga;
na dia own advise go distroy dem.
8 Wiked pipol go waka enter net
and e go katch dia leg.
9 Trap go katch dia leg
kon hold dem for der.
10 Dem hide rope for dem for groun
kon set trap for where dem go waka pass.
11 Fear dey wait dem for evriwhere
and e go follow dem as dem dey waka.
12 Sofa dey hongry dem;
wahala dey wait for dem to fall.
13 Sickness don chop dia body finish
and na dis make dia hands and legs dey rotin.
14 Dem don skata di house where dem for dey save and naw,
na di king wey dey make pesin fear,
go judge dem.
15 Fire go burn wiked pipol house.
Yes fire with sulfur don skata dia house rish groun?
16 Dia rut don dry finish
and dia branches go skata.
17 Pipol nor go remember dem for dia house or for outside again,

bikos dia name don fade komot from di land.
18 Dem go porshu dem from where pipol stay
kon still porshu dem from lite enter darkness.
19 Dem nor get shidren, grand-shidren
or pesin wey go live afta dem don die.
20 From east go west,
evribody wey hear wetin happen to dem,
go fear kon sey,
21 'True-true, na so wiked pipol house dey bi
and pipol wey nor know God,
na dem dey stay dis kind place.' "

# 19

### *Job Ansa Bildad*

1 Job ansa:
2 "Bildad, na wen yu go stop to ponish
and worry mi with yor words?
3 Yu don already curse mi rish ten times.
Yu suppose to dey shame as yu dey trit mi like dis.
4 Even if I do bad tin,
how dat one take koncern yu?
5 If yu feel sey yu betta pass mi
kon dey use my trobol against mi,
6 den make yu know sey na God handwork bi dis,
bikos na-im set trap wey katch mi so.

### *Job Sofa*

7 "If I kry out bikos of dis trobol sef, nobody go ansa mi.
I dey kry for help, but nobody dey hear am.
8 God don block my way and I nor fit pass;
E don hide my way for darkness.
9 E don take all my glory
kon distroy my respet.
10 E skata mi for evry side,
until I nor get hope again.
11 God dey vex for mi,
so E kount mi join en enemies.
12 En sojas kom attack mi;
dem skata my life kon build dia kamp round my house.

### *Life Taya Job*

13 "God don make my family far from mi;
I don turn strenja to pipol wey know mi.
14 My family don go leave mi.
My friends don forget mi.
15 Even di strenjas for my house don forget mi
and my wimen savant dey do like sey na mi bi strenja.
16 Wen I koll my savant, e nor gri ansa,
even wen I beg am with my own mout.
17 My wife nor fit stay where I dey breath
and my own broda nor gri kom near mi.

18 Shidren sef dey laf wen dem si mi.
Wen I won tok, dem go turn waka leave mi.
19 My klose friends dey look mi with shame
and di ones wey I love, don turn against mi.
20 My bones just whole my skin
and I just manage dey run with my life.
21 Una wey bi my friends!
Make una sorry for mi naw,
bikos God don nak mi fall with en hand.
22 Why yu dey porshu mi, just as God dey porshu mi?
Abi yu neva trobol mi rish?

### *Job Bilive Sey God Go Save am*

23 "I for like sey somebody go remember all wetin I dey tok,
make e for rite dem for book!
24 Or make e karve and rite di words for stone,
so dat dem go dey forever.
25 But I know sey God dey for heaven
and E go kom save mi for di end.
26 Even wen sickness don chop my skin,
as I still dey dis body, I go si God.
27 I go si am with my eye
and E nor go bi anoda pesin at-all.
28 So wetin make yu dey akuiz mi dey sey,
'Na yu kause di wahala wey yu dey face?'
29 But fear di swod naw;
dat swod wey dey bring God ponishment.
So make yu know sey e get pesin wey go judge my kase."

# 20

### *Zofar Still Tok*

1 Zofar still sey:
2 "Job! Yu dey make mi vex.
Naw, I nor fit wait before I ansa.
3 All di tins wey yu dey tok since, na curse!
But I know wetin to tell yu.
4 Yu know sey wen God first kreate human being,
5 wikedness nor dey
and di joy wen pesin wey nor dey fear God get,
nor dey last.
6 Dem fit big well-well,
dey great and dia head dey tosh heaven,
7 but God go blow all of dem trowey like dust.
Pipol wey know dem before go sopraiz
kon ask, 'Where dem go?'
8 Dem go vanish like dream and vishon for nite
and pipol nor go si dem again.
9 Pipol wey si dem before,
nor go si dem again.
Dia family nor go si dem again
10 and dia shidren go beg poor pipol;

dem go pay back all wetin dia papa tif
from poor pipol hand.
11 Dia smooth and betta body,
go soon turn to dust.
12 Bikos bad tins sweet,
dem kon keep some for dia mout
13 and bikos dem won enjoy di sweetness,
dem nor gri komot am from dia mout.
14 But di food go betta like poizin for dia belle.
E go bi like snake poizin inside dia body.
15 Wiked pipol go vomit di money wey dem tif.
God go take am back with di ones wey dey dia belle.
16 Wetin wiked pipol swallow bi like poizin;
e dey kill dem like who wiked snake bite.
17 Dem nor go live to si di river wey get olive
or di one wey milk and honey full.
18 Dem must die leave evritin wey dem work for;
dem nor go get shance to chop from dia money,
19 bikos dem don beat and kollect from pipol wey nor get.
Dem still seize dia house,
20 bikos nor-tin dey rish dem,
but wetin dem get nor go fit save dem.
21 Nor-tin dey remain for plate wey dem take chop;
dat na why dia propaty nor dey last.
22 Wen dia propaty don dey plenty,
trobol go kom skata and distroy am.
23 Make God feed dem beleful with trobol.
Make God pour in vexnashon for dia head
like evening rain dey fall.
24 Wen dem won run, bikos of iron swod,
di bronze bow go shot dem fall.
25 As dem pul di arrow komot dia body,
blood go rush kom out
and fear go kill dem trowey.
26 Evritin wey dem don save, go skata.
Fire wey pesin nor lite,
na-im go kom burn dem die with dia family.
27 Heaven nor go kover dia sins
and di eart go tok against dem.
28 Evritin wey dem get,
God go distroy am with wota wen E dey vex.
29 Dis na wetin go happen to wiked pipol!
Dis na wetin God go do dem."

# 21

*Job Ansa Zofar*

1 Job ansa:
2 "Make yu listin to wetin I dey tok.
Dis na all di konfort wey I ask from yu.
3 Give mi shance make I tok and if I tok finish,

yu fit laf mi, if yu like.
4 I dey komplain give human being?
If I nor dey komplain give human being,
wetin go make mi kwayet?
5 Di way yu dey si mi naw dey sopraiz yu!
Make yu shok put yor hand for mout.
6 Wen I tink about wetin dey happen to mi,
my body go dey shake, bikos of fear.

### *Wiked Pipol Dey Prosper*

7 "Why God dey let wiked pipol live?
Why E dey make dem old kon prosper?
8 Dem get shidren and grand-grand shidren
and dem dey si as dia shidren dey grow.
9 God nor dey send trobol go skata dia house;
dem nor dey live with fear.
10 All dia kattle dey get belle
and born without trobol or wahala.
11 Dia shidren dey run and play like animal pikin
wey nor get problem.
12 Dem dey dance, dey play sheke-sheke,
harp and dey enjoy dia trumpet sound.
13 Dem dey live dia life for peace
and dey die without trobol.
14 Dem dey tell God sey
'Leave us! Wi nor won serve or follow Yu.'
15 Dem sey 'Who bi dis God sef?
Why wi go serve am?
Any gain dey to pray to am?'
16 Dem tink sey na dia pawa dem take get evritin wey dem get,
but I nor agri with wetin dem dey tink.

### *How Many Time Wiked Pipol Dey Sofa*

17 "Dem don ever kwensh di lite wey wiked pipol get?
Wiked pipol don ever face trobol?
God don ever vex ponish wiked pipol?
18 How many times dem bi like leaf wey breeze blow trowey
or dust wey breeze karry go?
19 Yu dey sey, 'God go ponish pikin for di sin wey en papa kommit!'
No! But make God ponish di pesin wey sin,
so dat e go know wetin e do!
20 Make who sin karry di trobol by ensef;
make dem feel God vexnashon.
21 Bikos wen pesin die,
e nor kare about wetin happen to en family.
22 Anybody fit tish God,
abi who dey judge doz wey dey heaven?

### *Na Deat Dey Setol Evritin*

23 "Some pipol nor sick at-all until di day wen dem die;
dem die with happiness and dem dey for peace.
24 Dia body dey shine well-well

and dia bones dey strong.
25 Odas nor get happiness at-all;
dem live and die with bitterness for dia mind.
26 But evribody must die.
Dem dey beri who don die and worm dey kover di body.

### *Betta Words! Lie-lie Ansa*

27 "Yes! I know wetin yu dey tink.
Yu dey tink how yu go take wound mi
28 Yu go soon tell mi about rish
and wiked pipol wey dia house don vanish bikos of sin.
29 Abi yu neva tok to pipol wey travel before?
Yu nor know di kind ripot wey dem dey bring kom back?
30 Di day wey God go vex ponish pipol,
na di wiked ones E go sorry for.
31 E nor get who fit blame wiked pipol
for all wetin dem don do.
32 Dem go guide di grave wey dem beri
dem put afta dem don die.
33 Pipol go many for dia burial
and di san go kold for dia body.
34 So how yor bad words won take konfort mi
wey e bi sey evry ansa wey yu dey give mi, na lie!"

# 22

### *Elifaz Tok Again*

1 Elifaz wey kom from Teman still sey:
2 "E get any wise pesin
wey God fit gain from?
3 Yu feel sey God get gain from di good tins wey yu dey do
or di rite way wey yu dey follow?
4 God dey ponish yu,
bikos yu too obey and respet am?
5 No! Na bikos of yor sin
and all di oda bad tins wey yu do.
6 Yu sey make yor broda pay di money
wey e dey hold yu kon seize all en klot.
7 Pipol wey don taya to work,
yu nor agri give dem wota drink
and wen dem dey hongry,
yu nor give dem food chop.
8 Yu dey opress pipol with yor pawa and pozishon.
9 Nor bi only sey yu nor gri help wimen wey
nor get husband again,
but yu dey ponish
and kollect from shidren wey dia papa and mama don die.
10 Naw, si as trobol surround yu
and fear don dey kill yu small-small.
11 Yu nor dey si again,
bikos di trobol don too dark for yor eye and wota don kover yu.

12 God too dey big!
E high pass di heavens
and from der E dey look di stars as dem high rish.
13 But yu still ask, 'Wetin God know?
How E won take judge us thru dis tick darkness?'
14 Yu feel sey as di kloud tick rish,
God nor go si as E dey waka for heaven?
15 Yu really won waka for di road
wey wiked pipol dey pass?
16 Even before dia time end,
wota don karry dem go.
17 Dis na di pipol wey rijet God,
dem bilive sey E nor fit do dem anytin.
18 Na dis God make dem get money,
yet I nor fit undastand how wiked pipol dey tink sef.
19 Good pipol dey happy
and doz wey dia belle klean, dey laf.
20 Evritin wey wiked pipol get don skata
and fire don burn di ones wey remain.
21 Job! Abeg, go setol with God.
Nor dey bihave like sey God na yor enemy.
If yu follow am make peace,
E go bless yu.
22 Make yu follow di tins wey E dey tish
kon keep en words for yor heart.
23 Make yu go back go meet God;
if yu remove wiked tins for yor house,
E go karry yu up.
24 If yu stop to porshu money
kon trowey yor gold for river,
25 God wey dey heaven go bi yor propaty.
E go bi yor gold and silva.
26 Den yu go bilive God
kon know sey na-im dey give happiness.
27 Wen yu pray, E go ansa yu
and yu go keep di promise wey yu don make.
28 Yu go prosper for evritin wey yu dey do
and lite go shine for yor way.
29 God dey save pipol wey dey honbol,
but doz wey feel sey dem wise,
E dey disgrace dem.
30 God go save pesin wey nor dey innocent,
bikos yor hand dey klean."

# 23

*Job Ansa Again*

1 Job kon ansa:
2 "Today, my komplain still dey make my heart betta;
I nor fit hold my bitterness.

3 If to sey I know where I go for si God
and how to go where E dey,
4 I for komplain gi-am
kon tell am all di trobol wey I dey face.
5 I won know wetin E go tok
and how E go ansa mi.
6 God go fight mi with all en pawa?
No! I nor tink so.
E go listin and ansa mi wen I tok.
7 Since pesin wey dey rite with God fit go follow am tok,
den E go diliver mi from pipol wey dey judge mi, forever.
8 I don find am go east, but I nor si am.
I nor si am for west wen I find am go der too.
9 Wen God dey work for nort and sout,
I nor still si am.
10 Yet, God know evry step wey I dey take.
If E sey make E test mi,
I go klean kom out like gold.
11 Bikos I just dey waka follow God for back;
for di road wey E choose by ensef
and I nor dey waka on my own.
12 I dey always do wetin E tok;
dey follow en words; nor bi my own.
13 E neva shange and nobody fit oppoz
or stop am from wetin E won do.
14 E go do wetin E don plan for mi.
Na-im dey kontrol my destini.
15 Na dis make mi dey fear and wen ever I si am,
my hold body go dey shake.
16 True-true, na God make mi dey fear.
E don distroy di mind wey I get.
17 Na God, nor bi di darkness make mi kwayet,
even doh di darkness don kover my face.

# 24

*God Difren From Man*

1 "Why God nor set di time wen E go take judge pipol;
di day wey E go judge di pipol wey dey woship am?
2 Stone wey dem take mark land,
pipol dey move am komot from where dem put am,
so dat dem go get many land;
dem still dey tif animals join dia own.
3 Shidren wey nor get papa and mama again,
dem dey take dia donkey
and bikos of di money wey wimen wey
nor get husband dey hold,
pipol dey seize dia animals.
4 Dem nor let poor pipol get wetin dem suppose get
and doz wey nor get at-all,
dey run go hide.

5 Just like wiked donkey for desert, na so poor pipol dey find food waka.
Dem even dey find food rish desert
so dat dia shidren go chop.
6 Dem just dey work for land wey nor bi dia own
and dem dey chop from wiked pipol land.
7 For nite, dem dey sleep without kover klot;
nor-tin dey to keep dem from kold.
8 Rain wey dey fall on-top di mountin dey beat dem
and dem dey go hide under rock, bikos dem nor get house.
9 Wiked pipol dey use small pikin wey nor get papa take do slave
kon seize poor pipol shidren,
bikos of di money wey dem dey hold.
10 But poor pipol dey naked go out;
na with honga dem take dey work.
11 Dem go press oil kom out from olive fruit
and wine from grape fruit,
but demsef nor go even si wota drink.
12 For inside town, doz wey wound
and di ones wey dey die, dey kry,
but God nor dey ansa dem.
13 E get pipol wey rijet di lite;
dem nor undastand di lite
or follow where e dey lead dem go.
14 For day break, wiked pipol go get up go kill poor pipol
and for nite,
dem go-go tif dia propaty.
15 Di ones wey don marry wey dey sleep with oda pipol,
go kover dia face make nobody si dem.
16 For nite, tif go break enter pipol house,
but for day time, di tif go-go hide from lite.
17 Dem dey fear morning lite,
but dem nor get anytin to fear for nite.
18 But na wota go karry wiked pipol go;
God go curse dia land
and nobody go work for dia farm again.
19 As snow dey dry for heat and melt for sun,
na so sinnas go vanish from dis land.
20 Even dia mama nor go remember dem again.
Na worm go chop dem and dem go bi like tree wey dem kut trowey.
21 Dem dey ponish wimen wey dia husband don die
and doz wey nor get pikin.
22 But God go distroy wiked pipol with en pawa;
wen God take akshon, wiked pipol nor get hope again.
23 God fit let dem stay for peace,
but en eye nor go komot for dia body at-all.
24 Wiked pipol fit dey great naw,
but e nor go tey before dem go die go like grass
and korn wey dem kut trowey.
25 If nor bi so e bi, who go fit sey I dey lie
or sey wetin I tok, nor bi true?”

# 25

*Bildad Still Tok*

1 Bildad kon sey:
2 “Na God get pawa pass.
E keep en kingdom wey dey heaven for peace.
3 Anybody fit kount di angels?
Abi e get where God lite nor dey shine rish?
4 Anybody fit dey klean before God?
How yu wey woman born won take dey pure?
5 For God eye, even di moon nor brite
and di stars nor shine rish.
6 Tok-less of human being wey just bi like worm and magot!
Wetin dia life mean to God?”

# 26

*Job Ansa Bildad*

1 Job ansa:
2 “Si how yu don help pipol wey nor get pawa.
Yu don save pipol wey nor get strent at-all!
3 Yu dey give dem good advise kon share wetin yu know with fools,
like mi!
4 Who yu feel sey go hear all wetin yu dey tok?
Na wish spirit make yu dey tok like dis?

*God Great*

5 “Dead body dey shake with fear for dia grave.
Evritin wey dey inside wota dey shake too.
6 Where dead body dey stay just dey open before God;
nor-tin fit kover am from en eye.
7 God spread di sky for nort
kon hang di eart for empty space.
8 Na God put wota for di kloud
and E nor dey let rain fall from di kloud with force.
9 Na-im use di kloud
take kover di moon.
10 E kreate di sky wen E separate di wota
and divide lite from darkness.
11 As God tok, di pila wey hold di sky
kon dey shake with fear.
12 Na en pawa E use take silent di sea.
Na en wisdom E take distroy Rahab wey bi di wota juju.
13 Wen E breath, di sky dey klear.
Na en hand E take distroy di big snake.
14 But all dis na small tin kompare to di pawa wey E get.
Na small wi don hear.
Who go fit really undastand how God strong and great rish?”

# 27

*Job Still Tok*

1 Job still sey:

2 “As long as God Almighty wey nor gri judge my kase
kon make my life bitter dey alive,
3 as far I dey breath
and God still give mi life,
4 my mout nor go ever tok bad
and my tongue nor go ever tok lie-lie words.
5 I nor go ever agri with wetin una dey tok!
I go stand for my rite till I die.
6 I nor go ever give up, bikos I dey rite;
my mind dey klean and my konscience nor dey judge mi.

### *Wiked Pipol Kondishon*

7 “Make all my enemies, sofa like wiked pipol
and doz wey nor know God.
8 Doz wey nor know God before dem die,
na wish kind hope dem get?
9 Wen trobol go kom,
God go hear dia kry?
10 God go show dem en happiness?
Dem go fit koll God anytime wey dem like?
11 Make I tish yu how God pawa strong rish.
Make I tell yu about di Almighty God plan.
12 But I nor go tish yu,
bikos yu don si am by yorsef.
So wetin make yu dey
tok all dis bad tins?”

### *Zofar Ansa*

13 Zofar ansa,
“Na so God take dey ponish pipol wey dey like trobol
and do wiked tins.
14 If dia shidren many, dem go die for war
and di ones wey remain nor go si food chop beleful.
15 Di ones wey manage survive, na sickness go still kill dem
and dia wife nor go kry for dem.
16 Wiked pipol fit get plenty money like san,
dia klot fit plenty pass evribody own,
17 but na good pipol go wear dia klot
kon kollect dia money.
18 Wiked pipol dey build house like spider own
or like where hunta dey stay.
19 E go sleep as rish man,
but wen e wake-up,
e nor go si en money again.
20 Just as wota dey karry tins go, na so too fear go karry dem go
and for nite, breeze go blow dem trowey.
21 Strong wind from east go swip dem
komot from dia house
22 and as dem dey try to run,
God nor go sorry for dem
and E go blow dem fall.

23 Strong breeze go push dem as dem dey run and with en pawa,
e go porshu dem komot from where dem dey."

# 28

*Wisdom*

1 Job sey,
"Where dem for dey dig silva, na der precious stones dey
and e still get where dem for dey rifine gold too.
2 Na from groun dem for dey dig iron
and melt koppa.
3 Man don end darkness,
bikos dem shine lite dey search under di eart
and dey dig rock wey dey for darkness.
4 Where dem for dig di precious stones
dey far from where pipol dey stay
and nobody dey travel pass der again.
Dem dey stagga fall
and pipol nor dey der.
5 Even doh food dey kom from di eart,
evriwhere under di eart,
don skata like wetin fire burn.
6 Na betta stone dey di eart
and gold dey en dust.
7 No bird know di road wey lead to where gold dey
and know vulture don fly pass or si am before.
8 No lion or oda wiked animals fit travel
pass dat road wons.
9 Pipol dig di rock and mountins wey hard pass
bikos dem dey find gold.
10 As dem dey dig hold for di rock,
dem kom si precious stones.
11 Dem dig rish wota kon bring wetin dem hide,
kom out for lite.

*No Money Fit Buy Wisdom*

12 "But where wi go fit si wisdom?
Where wi go fit learn how to undastand?
13 Yu nor fit si wisdom with human being;
bikos e nor dey among pipol wey dey alive.
14 Even bottom river sey,
'E nor dey with mi'
and under sea sey,
'E nor dey with mi too.'
15 Dem nor go fit buy wisdom
with gold or silva.
16 Di gold and jewel wey fine pass
nor get value rish wisdom.
17 Wisdom dey more important pass gold;
e even dear pass where gold full or where fine glass dey.
18 Wisdom get betta value pass diamond
or fine glass.

19 Topaz stone wey fine pass and di gold wey klean pass,
dem nor fit kompare dem with wisdom.

*Na Only God Get Wisdom*

20 "But where wisdom from kom sef?
Where wi go for fit learn how to undastand?
21 Nor-tin wey dey live for dis life fit si wisdom,
even di birds wey dey fly nor fit si am.
22 Deat and distroshon agri sey,
na hear dem just dey hear.
23 Na only God know di way
and place where dem fit si wisdom,
24 bikos E dey si di end for di eart
and E dey si evritin wey dey under di sky.
25 Na God give breeze pawa
kon measure where di sea go rish.
26 Na God dey choose where di rain go fall rish
and where tonda go travel pass.
27 Na der E si wisdom kon test as e important rish,
den E si sey e dey good.
28 God tell human being,
'Before una go get sense, una must woship mi.
Una go turn live bad tins,
before una go fit get undastandin.' "

# 29

*Job Still Dey Tok*

1 Job still sey:
2 "If to sey my life go fit bi as e bi before
wen God dey look and guide mi!
3 Dat time, God always dey with mi
and E dey give mi lite wen I dey waka for darkness.
4 Dat na di time wey evritin still dey well with mi.
Den God goodness still dey protet my house.
5 Den God still dey with mi
and all my shidren gada round mi.
6 My melu and goats dey give mi plenty milk
and my olive tree dey grow for groun wey dry and strong.
7 Wen ever di town eldas dey meet
and I go der,
8 yong boys dey stand as soon as dem si mi dey kom
and old pipol dey stand greet mi with respet.
9 Di leaders wey dey lead di pipol
go stop to tok.
10 Even di pesin wey dey important pass,
go shut up for mi.

*Job Dey Good Well-well*

11 "Evribody wey hear from mi, dey praiz mi.
Doz wey hear mi dey tok, go-go tok good about mi.
12 Wen poor pipol kry kom meet mi,

I dey help dem;
I dey help pikin wey nor get papa
and mama and doz wey nor get where to go.
13 Doz wey dey face wahala, dey praiz mi
and I dey protet and guide wimen wey dia husband don die.
14 I dey always do betta tin.
Evritin wey I do dey always dey good.
15 Na mi bi blind pipol eye
and doz wey nor fit waka,
na mi bi dia leg.
16 I bi like papa to poor pipol
and I dey setol matter even for doz wey I nor know.
17 I dey distroy wiked pipol pawa
kon release di pesin wey dem katch.

*Job Get Mind*

18 "Den I sey, I go get long life
kon die for my house without trobol.
19 I go bi like tree wey en rut get wota;
wey dew dey wet en branches.
20 Evribody go dey praiz mi
and my pawa nor go fail.

*Job Good Karata*

21 "Wen I dey advise pipol,
dem dey kwayet listin to wetin I dey tok
22 and dem nor dey get anytin to tok wen I don tok finish.
My word dey enter dia mind well.
23 Evribody dey welkom mi,
just as farmer dey welkom rain wey won fall.
24 I dey smile give dem wey nor bilive diasef again
and my betta face dey give dem hope.
25 I dey lead dem as king dey lead many pipol
kon konfort dem wen dem dey face trobol.

# 30

*Job Wahala*

1 "But pipol wey yong pass mi
dey laf mi naw!
Pipol wey dia papa nor dey yuzful,
wey I nor go even allow join di dogs wey dey guide my sheep.
2 Dem bi yuzles pipol
and dem too weak to do any work for mi.
3 Bikos dem poor well-well and honga won kill dem,
dem kon dey chop dry rut and dirty for nite.
4 Dem dey pul and chop plant for desert;
even di small tree wey en rut nor get taste,
dem dey chop am too!
5 Evribody dey shaut follow dem like tif
kon porshu dem komot from di land.
6 Dem dey stay for inside hold wey en wota don dry

and inside rock too.
7 Dem dey bihave and shaut like animals
and gada togeda for bush.
8 Dem nor get sense or name
and dem porshu dem komot di town.

### *Job Dey Shame*

9 “Naw, dem dey kom laf
and take mi sing.
Na mi dem dey take do joke naw.
10 Dem dey trit mi like sey I dey smell;
dem feel sey dem too good pass mi,
so dem kon spit for my face.
11 Bikos God don make mi weak and I nor get who go help mi;
dem kon use all dia vexnashon take face mi.
12 Dem gada kon fight mi;
dem drive mi from one place to anoda
and dem don agri for wetin dem go do mi.
13 Dem follow mi as I dey run
kon dey try to distroy mi
and e nor get who fit stop dem.
14 Dem kon attack mi from difren angle.
Dem jump press mi wen I don already fall.
15 Fear don chop my full body;
my respet don go like wota proof wey breeze blow
and my glory don vanish like kloud.

### *No Hope For Job*

16 “I won die naw;
bikos na so-so pains full my days.
17 Di nite dey make my bones pain mi; di pains dey bite mi
and e nor gri stop.
18 God hold mi for neck with pawa
kon make di klot wey I wear, dirty.
19 E trow mi for mud and naw,
I bi like dust and ashes.
20 God, I dey koll Yu,
but Yu nor gri ansa and wen I pray,
Yu nor gri listin to my prayers.
21 Yu dey do mi anyhow;
Yu dey ponish mi with all yor pawa.
22 Yu allow breeze blow mi go;
Yu trow mi up-and-down for inside strong breeze.
23 I know sey Yu dey karry mi go where I go for die;
di place wey Yu keep for evribody.

### *Di Pass*

24 “True-true, nobody go fight poor pesin,
wen e kry sey make dem help am from en trobol.
25 Abi I nor follow pipol wey dey trobol kry
kon sorry for pipol wey nor get at-all?
26 Na happiness and lite I dey hope for,

but na trobol and darkness I kom get.
27 Pain and worry don skata my body;
I dey sofa evriday.
28 I just dey waka for darkness and I nor dey si lite at-all.
I dey beg for help for where crowd Gad put.
29 I don kry sotey my vois don krack
and my neck don long like Ostrich own.
30 My skin don black finish
and strong fever dey katch mi naw.
31 I nor fit remember di last time wen I hear betta music,
bikos na only song wey go make mi mourn and kry,
naim dem dey play.

# 31

*Job Dey Tok Trut*

1 "I don swear with my eye sey I
nor go ever look wimen kon sey I won sleep with dem.
2 Wetin God for heaven choose for us?
Wetin wi go gain from di Almighty wey dey heaven?
3 Shebi trobol na for doz wey dey do bad tins
and wahala for wiked pipol?
4 God know evritin wey I dey do;
E dey si evry step wey I dey take.
5 I neva do wiked tin before
and I neva ever lie to anybody.
6 Make God just test mi weda I dey klean
and E go si sey I nor do any bad tin.
7 If I don komot from di rite way;
if my heart don follow wetin my eye si
or if sin full my hand,
8 den make anoda pesin chop wetin I plant.
Make dem rut and distroy evritin wey I plant.
9 If I dey like and won sleep with woman for my heart
kon dey wait and hide outside en door,
10 den make my wife kook for anoda man chop
and make e sleep for anoda man bed.
11 Bikos dat go bi big shame
and na deat dem take dey ponish dat kind wikedness.
12 Make e bi like hell-fire wey dey distroy tins;
fire wey go burn evritin wey I get.
13 If any of my savant komplain give mi,
I dey listin and I dey trit dem well.
14 If I nor dey do dem well, how I won take face God?
Wetin I won tok if God kom judge mi?
15 Na di same God wey kreate mi,
kreate my savants too.
16 I dey always help poor pipol;
I neva let wimen wey nor get husband live for pain
17 or allow shidren wey nor get papa and mama dey hongry,
while I dey chop.

18 Na since wen I small I don dey kare for doz wey
nor get papa and mama and till I die,
I go always dey kare for wimen wey dia husband don die.
19 If I si pesin wey nor get at-all;
wey won die, bikos e nor get wetin to wear,
20 I go gi-am klot wey dem use my own animal wool take make.
Den e go tank mi with en hold heart.
21 If I don ever do bad to
who nor get papa and mama,
bikos I know sey I go win di matter
wen wi go kourt,
22 den make my hand break.
Make e break
komot from my shoulder.
23 But bikos I dey fear God ponishment,
I nor fit do dat kind tin.
24 I neva ever bilive money.
I nor ever si am as wetin go protet mi
25 or kom dey karry body,
bikos of di money wey I get.
26 I neva ever woship sun,
bikos e dey give lite or di moon, bikos e fine.
27 I neva for one day like dem rish wen I go
kon dey kiss my hand dey woship dem.
28 Na deat dem take dey reward dat kind sin;
bikos e go mean sey I nor honor God name.
29 I neva happy wons, bikos my enemies dey sofa;
or dey for peace, bikos dem dey face trobol.
30 I neva ever pray make dem die,
bikos if I do like dat, God nor go forgive mi.
31 My savants neva ever sey,
'Awa oga let hunga kill some pipol.'
32 Doz wey dey travel, I dey koll dem enter my house
and I nor dey let dem travel or sleep for road wen nite rish.
33 Oda pipol dey try to hide dia sin, but I neva ever hide my own.
34 I nor dey kwayet or stay for inside house,
bikos I dey fear sey pipol go curse or tok against mi.

### *Job Beg God*

35 "Nobody won listin to wetin I dey tok?
I swear sey evry word wey I dey tok na true.
Make God kom ansa mi.
Make dem rite wetin my enemies tok about mi,
so dat I go si dem.
36 I go karry dem without shame for my shoulder
kon wear dem like king crown.
37 I go dey proud to tell God evritin wey I don do.
I go waka go meet am like prince.

### *Job Swear*

38 "If I tif di land wey I for dey farm
or take am from di original owner,

39 or chop di food wey grow for der,
so dat di owner nor go si chop,
40 den instead of fruit or korn to grow, make bush
and grass grow full dat land!"
Den Job kon stop to dey tok.

# 32

### *Elihu Tok For Di First Time*

1 So Job three friends nor gri ansa Job again, bikos dem know sey e dey
tok trut. 2 Den Elihu wey bi Barakel pikin from Ram family for Buz kon
dey vex. E dey vex, bikos Job sey e nor do God anytin. 3 E still vex for
Job friends, bikos dem nor know how to ansa Job and evritin kon bi like
sey, na God dey wrong. 4 Bikos na Elihu small pass for der, e wait until
evribody tok finish. 5 Wen e si sey di three men nor fit ansa Job again, e
kon dey vex.

### *Elihu Wisdom*

6 Elihu wey en papa na Barakel wey kom from Buz kon sey:
"I know sey I small and yu don old
and na dis make mi dey fear to tell yu wetin I dey tink.
7 I tell mysef sey make una tok,
bikos una wey don old fit get wisdom wey una go share.
8 But I don si am sey na God Almighty spirit dey enter
and give human being wisdom.
9 Nor bi old age go make pesin wise
or tish pipol how to undastand wetin dey rite.
10 Naw, I won tok and una go listin to mi.
Make I tell una wetin I know.
11 I kwayet dey listin to wetin una dey tok since;
I dey listin to una wise word
and as una dey tink wetin to tok.
12 I hear una well-well,
but una nor fit show sey Job dey wrong;
nobody among una fit ansa en kweshon.
13 So why una dey tell pipol sey una get wisdom?
Naw, na only God go fit ansa am, bikos una don fail.
14 Job dey tok to una;
nor bi mi e dey tok to, but if na mi e tok to,
I nor go ansa am di way wey una take ansa am.

### *Job Friends Nor Fit Ansa*

15 "Job, yor words too strong for all of dem;
dem nor get ansa for yu.
16 Make I dey wait wen dem nor get anytin to tok?
Dem just stand for der,
bikos dem nor get anytin to tok again.
17 But I go give yu my own ansa
and I go tell yu wetin I dey tink.
18 I nor fit wait to tok
or hold my words again.
19 If una nor let mi tok,

my belle go burst like wine wey dey new wine bag.
20 I must tok make I dey free!
I nor fit bear-am again!
21 I nor go support one pesin for dis matter
and I nor go praiz anybody sef!
22 I nor sabi praiz pesin anyhow,
bikos God go ponish mi,
if I do like dat.

# 33

### *Elihu Tok To Job*

1 "Job, make yu listin
and hear evritin wey I won tok!
2 Si naw, I don open my mout
and my tongue won start to tok.
3 All my words na true
and na true I go tok.
4 Na God Spirit make mi
and na en breath give mi life.
5 Make yu ansa mi if yu fit.
Make yu dey ready and prepare yor kweshons.
6 Na di same tin mi and yu bi for God eye,
na san dem take make mi and yu.
7 So yu nor get rizin to fear mi
and I nor go wahala yu too mush.

### *Elihu And Job*

8 "Naw, dis na wetin I hear
wen yu dey tok:
9 'I nor dey guilty;
I neva do any bad tin or kommit sin.
10 But God dey find rizin make E for dey ponish mi
like sey I bi en enemy.
11 E tie my leg with shain;
E dey si evriwhere wey I waka go.'
12 But I won tell yu sey yu dey wrong,
bikos God big pass evribody.
13 Why yu dey akuiz God sey E
nor dey ever ansa yor komplain?

### *Elihu Nor Agri With Wetin Job Tok*

14 "Even as God dey tok evritime,
nobody won wait listin to wetin E dey tok.
15 For nite wey pipol dey sleep,
God dey tok to dem for vishon or thru dreams.
16 Wen E make dem listin to wetin E dey tok,
dem go dey fear for di warnin wey E dey give dem.
17 God dey tok so dat dem go stop to sin kon honbol demsef,
make E for fit save dem.
18 E nor go let dem distroy demsef;
E go save dem from deat.

19 God dey send sickness to take korrect some pipol
and dem go take korreshon
wen dia body dey feel di pain.
20 Pipol wey dey sick nor fit even chop di food
wey sweet well-well.
21 Dia body dey die go
and yu nor go fit si dia bones again.
22 Dem go soon go join dead body.
Deat angel dey wait for dem.
23 May bi one angel go help am;
one out of di tazon angels wey God get
wey go tell am wetin dey rite.
24 Bikos God don forgi-am, di angel go sey,
'Release am! E nor go fit go join dead body.
Si wetin dem take replace en sin,
so e don dey free.'
25 En body go kom yong and strong again
like small pikin own.
26 Den wen e pray, God go ansa am.
E go woship God with happiness.
God go make am dey raitious for en eye again.
27 Di pesin go sing give odas sey,
'I sin kon do wetin dey bad,
but God nor ponish mi as e suppose to bi.'
28 E don save mi from deat
and I still dey alive.

### *Elihu Kom Beg Job*

29 "True-true, God dey always do like dis,
many-many times with pipol.
30 E dey save pesin life from deat
and make am enjoy life again.
31 So Job, make yu listin to wetin I dey tok.
Naw, kwayet make yu let mi tok.
32 But if yu get wetin yu won tok,
tok and I go tell yu if yu dey rite.
33 But if yu nor get,
make yu kwayet listin to mi
and I go tish yu wisdom."

# 34

### *Elihu Still Tok*

1 Elihu still sey:
2 "Wise men, make una listin to my words;
Make una hear mi, men wey know well-well.
3 Una know betta food wen una put am for mout,
but una ear nor know wise word wen e hear am.
4 So make wi choose wetin dey rite.
Make wi know among awasef wetin dey good.
5 Job sey en know do bad tin
and God nor gri defend am.

6 E sey, ‘As I dey rite so, make I lie sey I dey wrong?
Dem nor fit heal my wound, even doh I nor sin at-all.’
7 Yu don si any man wey bi like Job
wey dey tok anyhow?
8 E like make bad pipol dey stay with am
and e dey waka with sinnas.
9 E sey pesin nor dey gain anytin,
if e dey obey God.

### *God Nor Dey Judge Anyhow*

10 “Men wey dey undastand, make una listin to mi!
God Almighty go fit do wetin dey wrong?
11 E dey reward pipol for wetin dem do
and dey trit dem as dem deserve.
12 True-true, God nor dey do bad tin;
E dey judge evribody as e suppose bi.
13 Abi God get en pawa for anoda place?
Na somebody tell am sey make E kare for di world?
14 If God remove di breath
wey dey give us life,
15 den evribody wey dey live for dis life go die
kon turn to san.

### *Na God Dey Rite*

16 “Naw, make yu listin to mi.
If yu get undastandin, make yu hear mi.
17 So yu dey tok sey God nor dey rite naw?
Yu feel sey E hate justice?
18 God dey kondemn kings and rulers
wey wiked and nor dey yuzful.
19 E nor dey support rulers or rish pipol against poor pipol,
bikos na-im kreate all of dem.
20 Pesin fit die for nite just like dat,
but God nor dey struggol to distroy pipol
wey tink sey dem get pawa.
21 God dey si evritin wey wi dey do.
E dey si evry step wey wi take.
22 E nor get as di darkness tick rish,
e nor fit hide sinnas from God.
23 Wi nor fit set di time
wey God go take judge all of us.
24 E nor nid pesin to tell am anytin, before E go remove leader
kon put anoda pesin for en post.
25 Bikos E know wetin di leader do.
E fit ova-trow and skata dem for nite.
26 E dey ponish sinnas bikos of dia sin
and na for where evribody go for si dem,
27 bikos dem don stop
to follow en laws and kommand.
28 Dem make poor pipol dey kry to God
and E don hear dia koll for help.

29 If God sey E nor go do anytin,
nobody go fit ask am kweshon.
If E hide en face, wi nor go get help at-all weda na one pesin
or di hold kountry.
30 God dey do like dis, so dat wiked pipol nor go rule
and opress di pipol.

*Job Dey Foolish To Vex*

31 “Wetin make pipol nor dey konfess dia sins give God
kon promise sey dem nor go sin again;
32 den tell mi my fault
so dat I nor go do dem again?
33 Job! Na yor choice,
nor bi mi go tell God wetin yu wont,
bikos yu don rijet all dis tin.
Naw, make yu tell us
wetin yu dey tink.
34 True-true, anybody wey get sense go gri
and if wise man hear mi, e go tok sey,
35 Job just dey tok,
bikos e nor know wetin e dey tok
and all wetin e dey tok,
nor make sense.
36 But I wish sey dem test Job rish di end,
bikos e dey ansa like wiked pesin.
37 E don add trobol join e sins,
bikos for awa front,
e dey klap en hand and dey akuiz God.”

# 35

*Elihu Tok Again*

1 Elihu still sey:
2 “Job, e dey rite make yu dey sey yu
nor do any bad tin for God eye?
3 Or to ask God sey, ‘Wetin I go gain if I nor sin?
Any nid dey to live klean life?’
4 I go ansa yu
and all yor friends.
5 Make una si how di kloud high rish!
Make una look di sky well-well!
6 If yu sin, e nor give God any trobol.
Even if yu kontinue to dey sin,
e nor go shake am.
7 Even if yu dey good well-well, na God yu dey favor?
E nor get wetin God wont for yor hand.
8 Just as yor wikedness dey affect only pipol
wey dey do like yu,
na so too di good wey yu do,
go affect doz wey dey do good.
9 Bikos of di opreshon
wey pipol dey sofa from strong pipol,

dem dey kry for help.
10 But dem nor dey kry to God wey kreate dem;
wey dey give dem hope for darkness.
11 Dem nor dey turn to God wey make us get sense;
di One wey make us wise pass animals and birds.
12 Dem dey kry for help,
but God nor dey ansa dem,
bikos dem too proud and dem dey do bad tins.
13 E nor get nid for dem to kry;
bikos God nor dey si or hear dia kry.
14 Yu sey yu nor fit si God;
but make yu dey patient,
bikos yor matter dey en hand.
15 Yu sey, 'Wen God vex,
E nor dey ponish pipol,
bikos E nor dey kare about di bad tins wey dem dey do.'
16 But Job! No nid for yu to dey tok,
bikos e klear sey yu
nor know wetin yu dey tok about."

# 36

*Elihu Still Dey Tok*

1 Elihu still sey:
2 "Make yu relax and listin to mi small,
bikos I still get some tins to tok for God,
as E nor dey here with us.
3 I go use wetin I know take show sey God dey rite.
I go tok di ones wey I know.
4 My words nor bi lie;
na betta wise man stand for yor front so.
5 True-true, God strong well-well!
E nor dey feel sey pesin nor dey yuzful
and e nor get anytin wey E nor undastand.
6 E nor dey give wiked pipol long life,
but E dey judge well for poor pipol.
7 E dey protet good pipol;
E dey let dem live like kings
and pipol dey respet dem forever.
8 But if dem shain dem inside prison
and dem dey sofa,
bikos of wetin dem do,
9 God go show dem di rizin.
E go show dem dia sin and pride.
10 E go make dem listin to en warnin,
so dat dem go leave wiked tins.
11 If dem hear God word kon serve am,
dia life go get peace and dem go prosper.
12 But if dem nor gri listin to God word,
dem go die and dem nor know anytin
before dem go where dead body dey.

13 Pipol wey nor know God go just dey vex
and even wen E ponish dem,
dem nor go sey make E sorry for dem.
14 Dem dey die wen dem still yong
and na disgrace dey end dia life.
15 But God use sofa take dey tish
and save en pipol kon korrect dem with pain.
16 God remove yu from trobol
kon make yu dey save
and yu get food full yor tabol.
17 But naw, yu dey get di kind ponishment
wey fit yu.
18 Make yu dey kareful,
so dat dem nor go fool yu with money
or sey yu follow money go di wrong way.
19 E nor go do yu any good sey yu dey kry for help;
bikos yu get betta pawa wey nor fit help yu.
20 Nor dey wait for nite,
wen pipol don go dia house.
21 Make yu dey kareful,
so dat yu nor go do bad tin,
bikos yu dey sofa.
22 Make yu remember how God strong rish,
bikos na-im dey tish tishas.
23 Nobody fit kommand God
or akuiz am sey E do bad tin.
24 Na praiz pipol dey always praiz am for anytin wey E do.
So, yusef must praiz am.
25 Evribody don si wetin E do!
Na from far wi dey look am.

### *God Wisdom And Work*

26 "Wi nor fit know how God strong rish.
Wi nor fit search or kount how many years God don dey.
27 Na God dey take wota from di eart
kon turn am to rain.
28 E dey let di rain fall from di kloud,
so dat pipol go prosper as dem dey work.
29 Nobody know how tonda take dey make nois for di sky
or how kloud take dey waka
for heaven where God dey.
30 E dey send lite pass di sky,
but under di sea dey-dey dark.
31 Dis na how E dey feed
and provide plenty food for pipol to chop.
32 Na en hand E take dey stop tonda lite
kon send am go where E wont.
33 Even animals know sey tonda
kom before heavy rain dey fall.

# 37

1 “My heart kom dey beat fast-fast
as I bigin tink of dis tins.
2 Make all of una listin to God vois.
Make una listin to di tonda wey dey
kom out from en mout.
3 Na-im send lite go cross di sky;
from one end go rish di oda end for di world.
4 Dat time, una go hear di vois well-well
kon si di brite tonda lite as e dey pass.
5 Wen God tok, e dey bi like tonda
and wonderful tins dey happen;
tins wey wi nor fit undastand.
6 Na-im dey kommand snow and heavy rain sey,
make dem dey fall for di eart.
7 Na only en fit stop di work wey wi dey do,
so dat wi go know how E strong rish.
8 Den animals go-go dia house
kon stay der.
9 Heavy rain dey kom from sout,
while strong kold breeze dey kom from nort.
10 Wen God breath, wota dey turn to block!
Di wota dey block finish!
11 E load di kloud with wota
and lite dey flash kom out
12 as di kloud dey go
where God sey make e go.
Di kloud dey do evritin wey God kommand for dis world.
13 God wey dey send rain kom wota di eart,
fit still send am kom ponish or favor us.
14 Job, make yu wait small kon listin;
konsida all di wonderful tins wey God don do,
15 den yu go know how God take dey give kommand
and how E take make di lite flash for di kloud.
16 Yu know how di kloud take hang for sky?
Dat na one tin wey God do wey dey sopraiz evribody.
17 Wen yu dey sweet well-well
bikos of di heat wey di sout wind dey bring,
18 yu fit help God bring di sky kom out kon make am strong
like iron wey dem polish?
19 Make yu tish us wetin wi go tell God,
bikos wi nor get anytin for mind to tok.
20 Make dem go tell God sey I won tok to am?
Pesin even fit tok wen e konfuse?
21 Naw, di lite for sky brite well-well
and wi nor fit look am,
bikos breeze don swip di eart klean.
22 Na golden lite wi dey si for di nort
and na glory kover us for God present.
23 Wi nor fit kom klose to God,

bikos en pawa big well-well!
E always dey rite and korrect as E dey deal with us.
24 No wonder evribody dey fear am
and E nor get anytin to do with pipol
wey feel sey dem wise.”

# 38

### *God Ansa Job*

1 God kon ansa Job from inside di storm:
2 “Who yu bi to kweshon my wisdom
with yor empty words?
3 Naw, make yu stand like man
kon ansa di kweshons wey I go ask yu.

### *God Ask Job Kweshons*

4 “Yu dey der wen I kreate di heavens and eart?
If yu know well-well, tell mi about dem.
5 Na who tok how dem go big rish?
Who measure dem with tape?
Yu know di ansa?
6 Na wetin hold di pilas
wey dey support di eart?
Na who put di korner-stone
for di world,
7 wen doz wey dey stay heaven
dey shaut for joy
and for morning,
di stars dey sing togeda?
8 Who klose di sea mout wen e won
komot from di eart belle?
9 Na mi kover di sea with kloud
kon gada di darkness.
10 I give di sea where e go flow rish
kon put big gate for en back.
11 I tell am sey, ‘Na here yu go rish and yu nor go pass der!
Na here yor pawaful wave go for stop.’
12 For yor life, yu don ever kommand morning
or tell di day wen e go break?
13 Abi yu don kommand day make e seize di eart
kon shake wiked pipol komot from where dem hide put?
14 Na day lite make di hill
and valley stand like klot wey dem fold
and evritin klear like wetin dem rite for groun.
15 Day lite too brite for wiked pipol
and e dey stop dem to make trobol.
16 Yu don rish where di wota wey dey full di sea dey?
Abi yu don waka for under sea before?
17 Anybody don ever show yu di gate
wey dey guide where dead body dey?
18 Yu know how di world big rish?
Ansa mi, if yu know!

19 Yu know where di lite from dey kom
or wetin dey bring darkness out?
20 Yu fit show dem how far dem fit go
or send dem go house?
21 I dey sure well-well sey yu fit,
bikos yu don old,
wise well-well and dey der wen I kreate di world!
22 Yu don ever go where I dey keep di snow
and di ice-blok rain, put?
23 I keep dem dey wait di time wen trobol go kom
and di day wen war go start.
24 Yu don rish di place where sun from dey kom
or di place wey east wind for dey blow kom?
25 Who dig pit for di rain wey dey fall
kon klear road for tonda nois?
26 Who make di rain dey fall
for where nobody dey stay?
27 Who dey wet di dry land with wota,
so dat di grass go grow?
28 Abi di rain
or dew get papa?
29 Ice-blok and kold wey dey fall kom from di sky,
na who bi dia mama?
30 Wish time wota take strong like stone;
wen sea bigin dey turn ice-blok?
31 Yu fit luz di klot wey dey Orion waist
or yu won shain Pleiades?
32 Yu fit guide di stars from one sizin to anoda
kon lead di big and small Bear?
33 Yu know di law wey dey tell di sky wetin to do?
Or wetin dey make di laws work for dis eart?
34 Yu fit kommand di kloud
kon sey make rain bigin fall?
35 If yu kommand lite make e flash,
e go ansa yu sey,
'I go do evritin wey yu tok?'
36 Na who put wisdom for pesin heart
or make us dey undastand tins?
37 Who fit kount di kloud, bikos e feel sey e wise
kon tell dem sey make rain fall;
38 rain wey dey make strong
and dry groun soft?
39 Na yu dey give lion food make dem chop,
or dey make small lion beleful
40 wen dem hide for dia hold
or just sleep dey wait for dia house?
41 Na who dey feed raven bird wen dem dey waka dey find food for evriwhere?
Even wen dia small shidren dey kry give mi sey dem dey hongry,
na yu dey feed dem?

# 39

1 Yu know how dem take born di goats
wey dey stay mountin?
Yu don si wen bush animals
dey born before?
2 Yu know how long dem dey karry dia shidren for belle?
Yu know di time wey dem take dey born?
3 Yu know how dem take bend down
for groun born dia pikin?
4 For inside forest dia pikin dey grow dey strong
and wen dem waka go dia own,
dem nor dey kom back again.
5 Donkey wey dey forest, na who give dem freedom?
Who release and let dem dey waka up-and-down?
6 Na mi give dem di desert make dem stay.
I sey make dem stay di empty land.
7 Dem nor dey stay near di town at-all,
dem dey far and nobody fit go katch dem kom work.
8 Na for mountin dem for dey si food chop,
na der dem for dey si green leaf chop.
9 How bush melu won take work for yu?
E go gri stay one nite for yor yard?
10 Yu fit use rope tie bush melu make e
for follow yu klear di field?
11 Yu sure sey e go gri use en pawa
take do yor heavy work?
12 Yu dey espect am to bring wetin e harvest
kon gada am for di place where korn dey?
13 Si as ostrich wey get long leg dey run,
but e nor fit fly like stork.
14 E dey leave en egg for groun
make heat for warm dem.
15 E nor dey kare sey pesin leg fit mash di egg
or wiked animal fit kom break dem.
16 E dey bihave like sey nor bi en get di egg
and e nor koncern am if di egg break or skata.
17 Na mi make am nor get sense like dat!
Na mi nor gi-am wisdom.
18 But wen e don start to run,
e dey laf horse
and di pesin wey dey ride am.
19 So Job, na yu make horse strong like dat
or na yu give dem hair like klot for dia neck?
20 Na yu dey make dem jump like lokust
kon make pipol fear wen dem breath?
21 Dem dey skata groun as dem dey run for valley;
dem dey rush enter war with all dia pawa.
22 Dem nor know wetin fear mean
and know swod fit make dem turn back.
23 Di swod wey who dey ride dem karry,
dey make nois and shine for di sun.

24 Horse dey run go, bikos dem just dey happy anyhow;
even wen dem don blow di trumpet, dem nor go gri stop.
25 As dem hear di trumpet dem go vex;
dem fit smell war even before dem near der
and dem dey hear dia oga kommand.
26 Hawk dey kom ask yu make yu tish am wisdom,
so dat e go know how to fly wen e spread en feada face sout?
27 Abi eagle go wait for yor kommand
before e go build en nest for mountin?
28 E build en house for di rock wey high pass
kon use rock take do pillow for nite.
29 From dat place, e dey find sometin wey e go chop,
even if e dey near or far.
30 Eagle dey gada round dead body,
while small eagle dey drink dia blood."

# 40

### *Job Ansa God*

1 Den God tell Job:
2 "Yu dey argue with God Almighty;
yu don taya to tok or yu still get word to tell mi?"
3 Den Job ansa God:
4 "True-true, I dey tok like fool since,
wetin I go fit ansa? I nor go try tok anytin again.
5 I don tok pass wetin I suppose tok.
I nor get anytin to tok again?"

### *God Tok Again*

6 Den from inside di storm, God kon ansa Job:
7 Make yu stand strait
kon ansa my kweshons.
8 Yu dey try to sey I dey wiked,
bikos yu dey sey I dey wrong and yu dey rite?
9 Yu strong rish mi?
Abi yor vois loud rish my own?
10 If na so, stand up make yu ansa mi;
dress like king make yu hail yorsef.
11 Look pipol wey tink sey dem dey important,
den go honbol dem, bikos yu dey vex.
12 Yes! Look dem, make yu bring dem
kom down kon skata where wiked pipol stand put.
13 Beri all of dem for groun
kon tie dem for where dead body dey.
14 Den na mi go first praiz yu
kon gri sey yu don win di fight by yorsef.

### *God Diskribe Behemot*

15 Si Behemot; I make am di way I make yu,
e dey chop grass like melu,
16 but si as en strent bi like lion own
and e pawa dey en body.

17 En tail stand like tall tree
and di pawa wey dey e leg, strong well-well.
18 En bones strong like bronze
and en leg bi like iron bar.
19 E dey among di tins wey God kreate wey dey sopraiz pipol!
Na only God wey kreate am go fit distroy am.
20 Grass wey dem go chop,
dey grow for di hill wey bush animals dey for play.
21 E dey sleep for under tree wey valley wota dey pass
and e go hide among di reeds for di bush.
22 Inside bush dey gi-am betta place to rest.
Di tall tree dey gi-am shade.
23 E nor dey fear wota wey dey rush pass like river;
en body go kold wen Jordan River flow pass en face.
24 Who fit blind en eyes kom katch am?
Na who fit use trap katch am thru en nose and mout?

# 41

*God Diskribe Leviatan*

1 "Yu fit use fish hook take katch Leviatan
or use rope take tie en tongue?
2 Yu fit put rope pass en nose
or hook en jaw?
3 E go beg yu make yu let am go?
Or make e beg yu make yu sorry for am?
4 E go gri make agriment with yu
kon promise sey e go serve yu forever?
5 Yu go fit tie am like bird wey dem dey train for house;
or like sometin wey go sweet yor wimen savant to play with?
6 Pipol wey dey katch fish go gri follow am enter agriment?
Pipol wey dey sell pesin go gri sell am?
7 Yu go fit tosh en skin with spear wey dem take dey katch fish
or katch en head with hook?
8 Make yu try go tosh am, den yu nor go ever try am again;
bikos yu nor go ever forget di fight!
9 Anybody wey si Leviatan go fear
fall for groun.
10 Wen dem don make am vex, e go shaut
and nobody go try go stand for en front.
11 Who don give mi anytin kon sey make I pay back?
Evritin wey dey under heaven na my own?
12 Make I tell yu about Leviatan leg
kon tell yu how e dey big and strong well-well.
13 Nobody fit tear en klot wey dey outside
or shuk di armour wey e wear.
14 Who fit open en mout or bring en tit wey dey make pesin fear,
kom out?
15 Na many shield dem take make en back
kon tie dem togeda and dem strong like stone.
16 Dem join dem strong well-well

and space nor dey wey breeze fit pass enter en body.
17 En body strong well-well and nor-tin fit tear am En body join togeda and
nor-tin fit separate dem.
18 Wen e sneeze, lite go flash kom out
and na so en eye dey shine like sun for aftanoon.
19 Fire and tonda lite dey
kom out from en mout.
20 Like grass wey dey burn under pot, na so too smoke dey
kom out from en nose.
21 Fire dey kom out from en mout and even wen e breath,
e dey bring fire.
22 En neck get strong pawa wey fit
make evribody wey near am, fear.
23 E nor get any weak part for en skin;
e dey strong well-well
and e bi like iron wey dem nor fit bend.
24 En heart bi like stone wey nor dey fear anytin;
e dey strong well-well like grindin stone.
25 Wen e stand, even pipol wey strong well-well,
dey fear and di fear dey make dem shake anyhow.
26 No swod fit wound am;
no spear or arrow fit enter en body.
27 Iron just bi like straw for en eye
and bronze dey soft like wood wey don rotin.
28 E nor get di arrow wey won make am run,
even wen dem stone am with rock,
e bi like straw for en body.
29 Spear bi like straw to am
and e dey laf wen men dey trow arrow kom meet am.
30 Di skale wey dey en belle bi like pot wey don break;
as e dey waka, e dey leave mark for di mud like
sey e won separate di groun.
31 E dey shake di sea like wota wey dey boil
kon make am dey dance like oil for pot.
32 E dey leave shine-shine part for en back
kon make di sea get white foam.
33 E nor get anytin for eart wey yu fit take kompare am
and I kreate am without fear.
34 Even di animal wey dey karry body up,
e dey look dem like nor-tin;
bikos naim bi king among all animals."

# 42

### *Den Job Ansa God*

1 Den Job ansa God:
2 "I know sey na Yu get pawa pass!
Yu fit do anytin wey Yu won do and nobody fit stop!
3 Yu ask mi sey why I dey kweshon yor wisdom
wen I nor know anytin at-all!
I dey tok tins wey I nor undastand

and mirakles wey too great for mi to know.
4 Yu sey make I listin as Yu dey tok
and make I try to ansa yor kweshons.
5 Before, I know only wetin pipol tell mi,
but naw, I don si Yu with my own eye.
6 So I dey shame, bikos of all wetin I don tok and I go pak dust for my head
to take show sey I dey sorry for all wetin I tok."

*Konklusion*

7 Afta God don tok finish with Job, E kon tell Elifaz sey, "I dey vex with
yu and yor two friends, bikos yu nor tok di trut about mi, as my savant
Job do. 8 Naw, make una take seven ram and seven melu go give Job kon
offa dem as sakrifice for unasef. Job go pray for una; den I go ansa una
prayers and I nor go disgrace una again, bikos una nor tok di trut about
mi just as Job tok." 9 So, Elifaz, Bildad and Zofar kon do wetin God sey
make dem do, den God kon ansa dia prayers.

10 Afta Job don pray for en friends, God kon make am rish for evry side
again and E gi-am taims-tu of evritin wey e lost. 11 Job brodas and sistas
plus en friends wey run leave am before kon visit am and dem do party
for en house. Dem kom tell am sey, "Wi dey sorry for all di trobol wey
God kause for yu." So all of dem kom give Job money and gold rings.

12 God bless di remainin days wey Job stay for dis eart pass wen dem
born am. Job kom get 14,000 sheep, 6,000 kamel, 2,000 kattle and 1,000
donkey. 13 Job kon still born seven sons and three dotas. 14 E koll di first
girl Jemimah, di sekond girl Kezaya and di third girl Keren-Happuk. 15 E
nor get any woman for di hold world wey fine rish Job dotas. Dia papa
give dem part of wetin e get and e still give di sons too.

16 Job stay 140 year afta di trobol wey e face, e si en grand and great
grand-shidren dem before e die. 17 So, Job die for betta old age.

# Psalms

## Introdushon

Di Psalms na song book. Just like many songs, doz wey rite dem use wetin happen for dia life take sing. Leta, evribody for Israel kon dey use dem woship God. Na from di Psalms Israel pipol sing many songs afta dem kom back from Babilon where dem for bi slave. Na five parts dey di book and na "Praiz Bi To Oga God ... Amen and Amen" separate dem! Di five parts remind us about di five books wey Moses rite. Chapter one na di major law and naim really show wetin dey good for life. Di five parts also tok about three difren ways wey God use to take save Israel pipol and dia kings and how dem go Babilon and wen dem kom back. Na David psalms full part one and two, while di third part tok about how dem karry Israel pipol go Babilon. Di fourt part end as dem dey beg God make E kom save dem. Di fift part tok about how God save dem.

## 1

*God Blessing*

1 God go bless di pesin wey nor dey follow wiked pipol advise,
dey waka with sinnas or sidan with aproko pipol!
2 Instead, e dey always dey happy to obey God kommand
and na both for day and nite,
e dey study dem.
3 E bi like tree wey dem plant near wota;
wey dey bear fruit for di korrect time and en leaf nor dey dry.
E dey prosper for anytin wey e do.
4 But nor bi so e bi for wiked pipol!
Instead, dem bi like leaf wey breeze blow trowey.
5 Bikos of dis, wiked pipol nor go fit stand for Judgement Day
and sinnas nor go fit dey for where God pipol gada put.
6 True-true, God dey guide en pipol for evritin wey dem dey do,
but E go distroy doz wey nor dey follow en ways.

## 2

*God Na King*

1 Wetin make pipol wey dey dis world dey vex? Wetin make dem dey make plans wey go fail?
2 Di kings for di world gada with rulers kon dey plan against God and di king wey E choose.
3 Dem dey sey, "Make wi break di shains wey dem take shain us! Make wi free awasef from dia trap!"
4 But di King wey dey heaven dey laf dem anyhow.
Yes! God dey laf dem well-well.
5 So God kon vex tok to dem and dem bigin fear wen E sey,
6 "I don choose my king for Zion wey bi my holy hill."
7 Den di king sey, "I go tell una wetin God kommand.
God tell mi sey: 'Yu bi my pikin! Today, I don bi yor papa!

8 Make yu ask mi, and di pipol wey dey dis world, I go give dem to yu as yor propaty and evriwhere for di world, go bi yor own too.
9 Na iron rod yu go take break dem kon skata dem like pot wey dem mold with san!' "
10 So naw, una wey bi king, make una do wetin dey rite; una wey dey rule di world, make una dey take korreshon!
11 Make fear dey una heart as una dey serve God! Make una turn from sin kon meet God as una dey fear am!
12 Make una dey respet God well-well or E go fit vex kon distroy una at wons, bikos of di way una dey bihave.
But na blessing dey follow doz wey si am as dia Oga God!

# 3

*Prayer For Help For Morning*

David Song

1 My God, make Yu si as my enemies many rish!
Many of dem dey kom attack mi.
2 Many of dem dey sey,
"God nor go save am."
3 But Yu, my God, na Yu bi di wall wey dey protet mi;
na Yu bi my glory and di pesin wey make mi dey alive.
4 Wen I kry to God for help,
E ansa mi from en holy hill.
5 I dey rest, sleep and wake-up well,
bikos God dey protet mi.
6 I nor dey fear,
even doh doz wey dey attack mi from evry korna,
plenty well-well.
7 My God, make Yu get up!
My God, make Yu save mi!
Yes, Yu go slap all my enemies for dia face kon break dia tit!
8 Viktory dey kom from God.
So, I dey beg Yu, God sey, make Yu bless yor pipol.

# 4

*Prayer For Help For Evening*

For Di Kwayamasta: David Song

1 My God, make Yu ansa mi wen I koll Yu.
Na only Yu go fit diliver and free mi
from wiked pipol and all my trobol.
Make Yu sorry for mi kon hear my prayers.
2 Na how long pipol go take dey tok bad about mi?
How long una go dey tok wetin I nor do?
How long una go kontinue to dey lie for my head?
3 Make una know sey,
God dey keep doz wey dey fear am for ensef
and E go ansa wen wi koll am.
4 So make yu fear God and nor sin.
Make yu tink about am for nite kon turn from yor sins.

5 Make yu offa sakrifice with di rite spirit give God
kon trust am.
6 Many pipol dey sey,
“Who go fit show us wetin dey good?”
So my God, make Yu smile for us.
7 Yu don give mi more joy pass doz wey get many food
and wine to drink.
8 I dey sleep with peace,
bikos na only Yu wey bi my God,
dey save mi.

# 5

*Prayer For Proteshon*

For Di Kwayamasta: Di Song

1 My Oga God, make Yu listin as I dey pray to Yu!
Make Yu listin to my komplain.
2 My King and my God,
make Yu listin to my kry for help,
bikos na only Yu I dey pray to.
3 Make Yu listin to my vois for morning, bikos evry morning,
I dey kom meet Yu and dey wait with patient make Yu ansa mi.
4 My God, Yu nor dey like bad tins;
Yu nor fit bear wiked pipol sins.
5 So, proud pipol nor go fit stand for yor present,
bikos Yu hate anybody wey dey do bad tin.
6 Yu go distroy doz wey dey lie well-well.
God nor like doz wey dey kill and deceive pipol.
7 Bikos of yor love wey nor dey die,
I go enter yor house
kon bow woship Yu for yor holy temple.
8 My God, make Yu save mi as Yu dey lead mi,
bikos my enemies dey korna dey wait to katch mi.
Make Yu remove all di problem wey dey di road
wey Yu dey take mi pass,
9 bikos my enemies nor dey tok di trut.
Wetin dey hongry dem to do, na to distroy odas;
dia troat bi like open grave
and na so-so lie-lie words full dia mout.
10 My God, make Yu disgrace dem.
Make dia own trap katch dem.
Make Yu drive dem,
bikos of dia sins and bikos dem don turn against Yu.
11 But make doz wey Yu dey guide, always dey happy!
Make dem always dey shaut for joy!
Guide dem, so dat doz wey loyal to Yu, go happy!
12 My God, true-true, Yu dey reward doz wey dey fear Yu.
Yu dey always protet dem well-well,
bikos of yor favor wey nor dey end.

# 6

*Prayer For Help*
David Song
1 My God, make Yu nor drive mi, bikos Yu dey vex.
Nor ponish mi with yor vexnashon.
2 Make Yu sorry for mi, bikos I dey weak.
Make Yu heal mi, bikos my bones dey shake.
3 I dey fear well-well.
Na how e go tey rish, before Yu go kon save mi?
4 Make Yu kom back kon help mi.
Save mi bikos of yor love wey nor dey fail.
5 Pesin wey don die, nor dey remember Yu.
Na who go fit praiz Yu from inside grave?
6 I don taya to komplain,
bikos evry nite,
I dey wet my bed with wota from my eyes.
7 Sofa don make my eyes blind.
My eyes dey weak, bikos of my enemies.
8 All of una wey dey do bad tins,
make una leave mi alone,
bikos God don hear my kry.
9 God don hear as I dey beg;
E go ansa my prayers.
10 So make disgrace follow all my enemies
and make dem dey fear well-well!
Make dem run turn back,
go hide with shame.

# 7

*God Dey Judge Well*
David Song About Benjamin And Kush Pipol
1 My Oga God, I don kom meet Yu make Yu protet mi.
So make Yu save mi from doz wey won kill mi!
2 If Yu nor save mi, dem go chop mi like sey dem bi lion
and nobody go fit save mi.
3 My Oga God, if I don do any wrong tin
or dey guilty as dem tok;
4 if I sin against my friend
or ponish my enemies wen dem nor do anytin against mi,
5 den make my enemies porshu and katch mi.
Make dem mash mi die kon trowey my body for groun.
6 My God, make Yu vex raiz-up for mi, den kon fight my enemies!
Abeg, raiz-up make Yu kom fight for mi!
7 Pipol for di world gada round Yu,
so make Yu rule dem from yor throne.
8 Bikos na Yu dey judge evribody,
make Yu show sey I dey good,
bikos true-true,
I dey innocent and na Yu bi di Most High God!

9 Make Yu stop di bad tins wey wiked pipol dey do kon defend doz wey dey good,
bikos my God wey dey good, know wetin dey pipol mind and heart.
10 Na God bi my guide!
E dey save doz wey get klean and true heart.
11 God dey judge well.
E dey vex for wiked pipol evriday.
12 If pesin nor gri turn from sin kom meet God,
God go sharp en swod kon ready to shot en bow.
13 E go ready en swod wey dey kill
kon shot en arrow wey dey hot like fire.
14 Pesin wey karry wikedness
and bad plans for belle,
dey born lie-lie.
15 E dey dig deep pit for odas,
but na en ensef dey fall enter
16 and di trobol wey e plan for odas,
dey fall for en own head.
Na en own wahala dey
kause trobol for am.
17 So, I go tank God, bikos E dey judge well;
I go sing and praiz di Most High God.

# 8

*God Glory And Man Honor*

David Song

1 Oga awa God, yor greatness full di whole world!
Yor glory high pass di heavens.
2 Yu don tish shidren and small pikin,
so dat dem go fit tok about yor pawa
and how Yu take silent yor enemies and doz wey dey oppoz Yu.
3 Wen I look di sky for nite kon si di work wey Yu do;
di moon and di stars wey Yu keep for dia place,
4 I dey ask mysef,
"Wetin pipol bi wey Yu dey tink about dem?
Na ordinary human being Yu dey kare about?"
5 Yu make dem bi like Yu
kon give dem glory and honor.
6 Yu sey make dem kare for evritin wey Yu kreate,
bikos Yu put evritin under dia kontrol;
7 all di animals,
both wiked and di ones wey nor wiked,
8 di birds for di sky, di fish for sea
and evritin wey dey swim for wota.
9 Oga awa God,
yor greatness full di whole world.

# 9

*God Korrect Judgement*

For Di Kwayamasta: David Song

1 My God, I go tank Yu with all my heart;
I go tok about all di wonderful tins wey Yu don do.
2 I go sing with joy bikos of Yu.
Di Most High God,
I go sing praiz yor name,
3 bikos as my enemies si Yu,
dem stagga fall kon die.
4 Naw, yor judgement don favor mi
and Yu don judge well from yor throne.
5 Yu make di nashons dey fear kon distroy wiked pipol,
den Yu remove dia name from yor book forever.
6 My enemies don die finish forever;
di towns wey Yu rut komot from groun,
dem nor go ever remember dem again.
7 But God go reign forever
and E go dey judge from en throne.
8 E go judge di world well
kon rule di pipol with betta mind.
9 Na God dey guide doz wey dem dey opress;
na-im dey save dem wen trobol kom.
10 Doz wey dey loyal to Yu,
dey trust Yu,
bikos Yu nor dey leave doz wey wont make Yu help dem.
11 E good make wi sing praiz to God wey dey rule from Jerusalem.
Make wi tell di world all di tins wey E do,
wey dem nor fit forget.
12 Bikos di Pesin wey dey ponish doz wey kill pipol,
still dey kare for doz wey nor get helpa.
E nor dey leave pipol wey dey sofa.
13 My Oga God, make Yu sorry for mi.
Si as my enemies dey trobol mi,
so make Yu kom take mi komot from deat mout.
14 Save mi so dat I go fit praiz Yu for publik for Jerusalem gate.
Yes! I go dey happy bikos Yu don save mi.
15 Wiked pipol don fall enter di pit wey dem dig for odas.
Di trap wey dem set, don katch dia own leg.
16 Dem don know God naw,
bikos E dey judge well and naw,
wiked pipol dey fall enter dia own trap.
17 Wiked pipol go die enter grave.
Dis na wetin go happen to all di pipol wey rijet God.
18 But God nor go forget doz wey dey kry for help.
E nor go live dem forever;
E go always dey give poor pipol hope.
19 My Oga God, make Yu raiz-up!
Nor let wiked pipol win!
Make Yu kom judge di nashons.
20 Make dem fall with fear.
Make Yu let pipol know sey,
na ordinary human being dem bi.

# 10

*Betta Judgement*

1 My God, wetin make Yu stand far from mi?
Wetin make Yu dey hide wen I dey trobol?
2 Wiked pipol dey porshu and ponish poor pipol.
So make di evil trap wey dem set for oda pipol, katch dem.
3 Bikos dem dey make mout about di evil tins wey dem dey do.
Yes! Dem dey praiz pipol wey get long-trot and dey curse God.
4 Wiked pipol too sturbon and dem dey always tink sey,
"God nor go do mi anytin, bikos E nor kare."
5 Dem dey prosper for evritin wey dem dey do.
Dem nor dey si yor ponishment wey dey wait dem.
Dem dey laf doz wey bi dia enemies.
6 Dem dey tell demsef sey, "No bad tin go ever happen to us!
Wi go dey free from trobol forever!"
7 Na curse, lie and to treaten pipol, full dia mout.
Na trobol and evil dey dia tongue.
8 Dem dey hide wait for di village gate;
where nobody go for si dem kon kill innocent pipol
and dem dey always fine and wound pipol wey nor get help.
9 Like lion wey hide for korna,
na so dem dey wait to kill innocent pipol.
Dem dey katch and drag innocent pipol for dia net
like hunta wey katch animal.
10 Dem dey kill pipol wey nor get pesin wey go help dem;
doz wey nor get pawa rish dem.
11 Wiked pipol dey sey, "God nor dey si us!
E don klose en eye and E nor go even fit si wetin wi dey do!"
12 So my God, make Yu raiz-up kon ponish wiked pipol!
Make Yu nor leave doz wey nor get who go help dem!
13 Why wiked pipol dey go free sef, even wen dem nor respet God?
Dem dey sey, "God nor go ever ask us sey wetin wi do."
14 But Yu dey si di trobol and wahala wey dem dey kause.
Yu dey si evritin; so make Yu ponish dem.
Doz wey nor get help dey trust Yu
and na Yu dey fight for shidren wey nor get papa and mama.
15 Make Yu break wiked and evil pipol hand!
Make Yu ponish dem for dia wiked plans
wey dem tink sey Yu nor know about.
16 Na God bi king forever and ever!
Di pipol wey nor dey fear God, go vanish komot from dis world.
17 Oga God, na Yu bi di hope wey poor pipol get.
True-true, Yu go hear dia kry kon konfort dem.
18 Yu go judge well for shidren wey nor get papa and mama and doz wey dem dey opress,
so dat wiked pipol nor go ever treaten dem again.

# 11

*Hope For God*

David Song

1 I bilive and trust sey God go protet mi.
So wetin make yu dey sey,
"Fly like bird go hide for mountin,
so dat yu go dey save,
2 bikos wiked pipol dey wound innocent pipol anyhow.
Dem hide for darkness
dey shot good pipol with dia bow and arrow.
3 So, naw wey di foundashon don skata,
wetin good pipol go fit do?"
4 But God dey for en holy temple;
E dey rule from heaven.
E dey look as evribody dey live dia life for dis eart.
5 God dey si both good and bad pipol.
E hate doz wey love wahala.
6 E go burn wiked pipol with shako, sulfur and fire
kon distroy dem with strong breeze.
7 God dey good and E dey judge well;
so E go favor doz wey dey do good too.

# 12

*Prayer for Help*

David Song

1 My God, make Yu diliver mi!
Bikos all doz wey dey fear and respet Yu,
wiked pipol don kill dem finish.
2 Pipol dey lie give each oda;
dem just dey deceive demsef.
3 Make God kut di tongue wey dey tok anyhow
kon distroy di mout wey dey boast!
4 Dem dey sey, "Na di way wi dey tok,
dey make us prosper;
na wi get awa own lip:
who bi awa oga or who go fit stop us?"
5 So God ansa, "Bikos of di wiked tins wey dem don do
to pipol wey nor get help
and di pains wey poor pipol dey face,
I go do sometin; I go fight for dem,
bikos na so dem wont make I do since."
6 God promise dey pure well-well
like silva wey dem melt for fire.
7 So Oga God, wi know sey Yu go protet doz wey dem dey opress.
Yu go guide dem forever from doz pipol wey sabi lie well-well,
8 even from doz evil pipol wey dey evriwhere,
bikos wikedness don kover di whole land.

# 13

*Prayer For Help*

For Di Kwayamasta: David Song

1 My God, Yu go forget mi forever?
Na how long Yu go trowey yor face from mi?

2 How long I go dey struggol with pain inside my soul and get sorrow for my heart?
Na how long my enemies go always dey opress mi?
3 My Oga God, make Yu turn kon ansa mi!
Make yu give mi strent again or I go die.
4 Make Yu nor let my enemies dey make mout sey,
"Wi don win am!"
Den dem go dey happy sey I don fall.
5 But I trust yor love wey nor dey fail.
I go happy, bikos Yu don save mi.
6 Yes! I go sing to God,
bikos E don save mi.

# 14

*As Man Wiked Rish*
For Di Kwayamasta: David Song
1 Na only fools dey tok for dia heart sey, "God nor dey."
Dem nor good at-all and dia ways bad well-well.
No one among dem dey do wetin good!
2 God dey look evribody from heaven;
E dey look to si if anybody really get sense and dey find am.
3 But e nor dey, bikos evribody don turn from am; evribody don spoil finish.
Nobody dey do good again.
Yes! E nor get anybody at-all.
4 Doz wey dey do bad nor go ever learn?
Dem dey chop my pipol like bread and dem nor dey pray to God.
5 So fear go katch dem,
bikos God dey with di pipol wey dey obey am.
6 Even doh wiked pipol dey fight poor pipol,
God go guide and protet dem.
7 E go from Zion kon save Israel pipol!
So wen God don save en pipol, Jakob shidren go shaut with joy
and Israel pipol go happy well-well.

# 15

*Wetin God Wont*
David Song
1 My God, na who go fit woship for yor temple?
Na who go enter yor present for yor holy hill?
2 Na doz wey dey live good life and do wetin dey rite;
pipol wey dey tok trut with pure heart.
3 Doz wey nor dey judge odas,
wound dia neighbours or tok bad about dia friends.
4 Doz wey hate pipol wey dey sin and honor doz wey dey fear and follow God!
Pipol wey dey do wetin dem promise even wen e dey pain dem.
5 Some pipol dey borrow money give odas without intrest and dem nor dey kollect bribe to lie for pesin head.
Di pipol wey dey do dis kind tins, go stand gidigba forever.

# 16

### *Prayer To Get Strong Mind*

David Prayer

1 My God, make Yu protet mi,
bikos I don run kom meet Yu for help.
2 I tell my Oga God,
"Na Yu bi my Masta! Evry good and betta tin wey I get,
na Yu give dem to mi."
3 Na doz wey dey fear God for dis land, I dey respet pass!
I dey happy to si and listin to dem.
4 Pipol wey dey run follow oda gods,
dia trobol dey plenty evriday.
I nor go follow dem do dia blood sakrifice
or even koll dia god name.
5 My God, na Yu dey make mi strong and prosper;
Yu don give mi betta future.
6 Evritin dey work for my good!
True-true, E don bless mi well-well.
7 So I go bless God wey dey guide mi;
even for nite, my heart dey happy to praiz am.
8 I don make God nomba one for evritin wey I dey do
and bikos E dey for my rite side,
I nor go shake or fear anytin.
9 No wonder happiness full my heart,
bikos I dey rest well and fear nor dey my life.
10 Bikos God nor go leave my soul inside grave
or allow en holy pikin rotin for der.
11 Yu don show mi di way wey dey give life
kon give mi joy for yor present
and I dey happy to stay with Yu forever.

# 17

### *Innocent Man Prayer*

David Prayer

1 My Oga God, make Yu hear my kry for help, den judge my kase.
Listin to my prayer, bikos na trut I dey tok.
2 Show sey I dey innocent,
bikos Yu dey si doz wey dey rite.
3 Na nite wen I dey sleep Yu take test my mind kon shek my heart.
Yu don shek mi kon si sey I nor dey wrong.
I don sey I nor go sin with wetin I dey tok or do.
4 I don follow yor kommand wey
nor let mi follow wiked and bad pipol.
5 Na only yor ways I dey follow; I neva stop to follow Yu.
6 My God, I dey pray to Yu, bikos I know sey Yu go ansa.
Abeg, make Yu listin to mi as I dey pray.
7 Make Yu use yor wonders take show mi yor love wey nor dey fail.
Yu don save doz wey kom meet Yu for help.
Yu save dem from dia enemies with yor mighty pawa.

8 Make Yu protet mi as pesin dey protet en own eye.
Make Yu hide mi under yor feada.
9 Make Yu protet mi from wiked pipol wey dey attack mi;
from wiked enemies wey gada round mi,
10 bikos dem nor dey sorry for pesin.
Make Yu hear as dem dey boast!
11 Dem don gada round mi naw
dey wait to trow mi for groun.
12 Dem bi like lion wey dey hongry and dem nor fit wait to tear mi to pieces.
Yes! Dem bi like yong lion wey hide for bush.
13 My Oga God, make Yu raiz-up!
Make Yu stand against dem kon nak dem fall!
Make Yu use yor swod take save mi from wiked pipol!
14 My God, with di pawa wey dey yor hand,
make Yu distroy pipol wey dey espect dia reward from dis world.
But doz wey Yu like well-well, make Yu give dem enough
and dia shidren go get plenty
kon die leave propaty for dia shidren-shidren.
15 Bikos I dey raitious, I go si Yu.
Wen I don leave dis world kom meet Yu,
I go si Yu face-to-face and belle go sweet mi.

# 18

*David Viktory Song*

David Song Wen God Save Am From Saul
1 My God, I love Yu well-well
and na Yu bi my strent.
2 Na God bi di rock wey dey protet mi.
Na-im dey guide mi and na-im bi di pawa wey dey save mi
and I dey save inside am.
3 I koll God wey get all di praiz
and E save mi from my enemies.
4 Deat dey round mi
and trobol won kill mi;
5 na so-so grave I dey dream about and na to die,
dey hongry mi.
6 But inside my trobol, I kry to God.
Yes! I pray to my God make E kom help mi
and E hear mi from en temple,
bikos my kry rish en ear.
7 Fear kon make di pipol for di eart dey shake.
Di mountins foundashon kon dey shake too;
dem dey shake bikos God dey vex.
8 Smoke dey kom out from dia nose;
fire dey pour kom out from dia mout with hot shako.
9 So, God open di heavens
kon kom down and dark kloud dey under en leg.
10 E sidan on-top angel feada kon fly go;
E fly go with strong breeze.

11 E kon hide ensef for darkness
and na di strong dark kloud E take round ensef.
12 Betta tick kloud kover di lite wey dey round am
and many stones and shako kon dey fall.
13 God vois from heaven bi like tonda
and evribody dey hear as di Most High dey shaut.
14 E shot en arrow kon skata en enemies and as en lite flash,
dem kon dey konfuse more-more.
15 Den as God kommand and as E just breath,
di sea bottom open and di eart foundashon kon dey show.
16 E kom down from heaven kon save mi,
den E drag mi kom out from deep wota.
17 E save mi from my enemies wey get pawa well-well;
from doz wey hate and too strong for mi.
18 Dem attack mi wen I dey trobol,
but God support and help mi.
19 E take mi go where dey save;
E save mi, bikos E love mi.
20 God reward mi, bikos I do wetin dey rite;
E bring mi kom back, bikos I dey innocent and
21 bikos I dey always keep en kommand.
I neva ever turn from my God kon follow evil.
22 I dey follow all en rules
and I neva ever rijet en laws.
23 For God present, I nor do any bad tin; I don keep mysef from sin.
24 God reward mi, bikos I do wetin dey rite.
E don si sey I dey innocent.
25 E dey show ensef sey E dey faithful to doz wey dey faithful
and to doz wey get respet,
Yu dey give dem respet.
26 To pipol wey get pure heart,
Yu dey show dem as Yu pure rish,
but to wiked pipol, Yu nor dey sorry for dem at-all.
27 Yu save gentol pipol,
but dey disgrace proud pipol.
28 Yu lite one lamp for mi.
Na di Oga my God put lite for my darkness.
29 With yor pawa, I fit kill many sojas.
With my God wey dey my side, I fit jump pass any wall.
30 God ways dey pafet and all en promise na true.
E dey guide evribody wey kom make E protet am.
31 Na who bi God escept God?
Na who again bi Solid Rock escept awa God?
32 God make mi strong with en strent
and E make my way strait.
33 E make my leg strong for groun like deer own
kon make mi fit stand on-top high mountins.
34 E train my hand, so dat I go fit fight war
kon bend even di bow wey strong pass.
35 My God, Yu don give mi wetin go protet mi.

Yor rite hand dey support mi and I don dey strong,
bikos of di way wey Yu dey help mi.
36 Yu don make betta road for mi,
so dat I nor go draw fall.
37 I porshu my enemies kon katch dem
and I nor stop until I distroy dem finish.
38 I kill all of dem finish
and all of dem fall under my leg.
39 Yu don give mi strent to fight war;
Yu don put my enemies under my leg.
40 Yu put my leg for dia neck
and I don distroy evribody wey hate mi.
41 Wen dem koll pipol to help dem, nobody gri kom.
Dem even kry to God, but E nor gri ansa dem.
42 I grind dem till dem turn to dust
kon swip dem enter gutta like dirty.
43 Yu make mi win doz wey dey akuiz mi.
Yu make mi rule oda nashons
and pipol wey I nor even know, dey serve mi.
44 Wons dem hear about mi, dem dey obey.
Strenjas and dia kountry pipol dey listin to mi.
45 Dem nor get strent again
and dem even dey fear for dia house.
46 God dey alive!
So, make praiz bi my Rock own
and I go bless my God wey save mi!
47 Na en bi di God wey dey ponish doz wey wound mi.
E put di nashons under mi
48 kon save mi from my enemies.
E keep mi for where my enemies nor go for fit tosh mi
kon save mi from wiked pipol.
49 Bikos of dis, I go praiz God among di nashons;
I go sing praiz to en name.
50 Yu don give betta viktory to yor king;
Yu don show yor love wey nor dey fail to David wey Yu anoint
and to en shidren-shidren forever.

# 19

*God Work And En Glory*

For Di Kwayamasta: David Song
1 Di heavens dey show as God glory bi.
Di sky dey show how en work big rish.
2 Dem dey show am evriday and for evry nite,
dem dey show en greatness.
3 Dem nor dey tok out
or sey pesin hear dia vois,
4 yet dia vois don rish evriwhere for di eart
and dia word don pass evriwhere for di world.
God don build house for di sun for heaven
5 and e dey shine kom out like man wey just marry.

E dey happy like pesin wey dey ready to run race.
6 Di sun dey kom out from one end for di heavens till e rish di oda end
and nor-tin fit hide from en heat.

*God Law*

7 God laws dey korrect and e dey save life.
Di laws wey God give us na trut
and dem dey give wisdom to pipol wey ready to learn.
8 God kommands dey rite
and e dey put joy for pesin heart.
En kommands dey klear and e dey give pesin hope
to stay for dis world.
9 To fear God dey good, bikos e dey give pesin hope forever.
God laws korrect and dem dey okay.
10 Dem betta pass silva and even gold wey dey fine well-well.
Dem sweet pass honey; even di honey wey dey fall from bee house.
11 Dem dey tish yor savant well and doz wey dey obey dem,
go get betta reward.
12 So God, how I won take know all my fault?
Make Yu klean mi from di bad tins wey I do wey I nor know.
13 Make Yu nor let mi do anytin wey nor good for yor eye
and nor let sin kontrol mi.
Den I go dey innocent and I nor go sin again.
14 My Oga God wey bi my Rock and Savior,
make di word from my mout and di tins wey I dey tink,
dey good for yor eye and sweet Yu well-well.

# 20

*Prayer To Win*

For Di Kwayamasta: David Song
1 Wen yu dey for trobol, make God ansa yor kry for help.
Make Jakob God name, save yu from all wahala.
2 Make E kom help yu from en temple,
den give yu pawa from Jerusalem.
3 Make E remember all di gifts wey yu gi-am,
den favor yu, bikos of yor ofrins.
4 Make E do evritin wey yu wont
and make yu prosper for evritin wey yu dey do.
5 Make wi shaut for joy wen wi hear viktory sound
kon raiz awa banner wey dey show awa God name.
Make God ansa all awa prayers.
6 Naw, I know sey God dey save di king wey E anoint.
E ansa di king from en heaven wey dey holy
kon save am with en great pawa.
7 Some nashon dey make mout and trust dia shariot and sojas,
but na awa Oga God name wi take dey boast.
8 Doz nashon go fall skata for groun,
but wi go raiz kon stand gidigba for groun.
9 God, make Yu give viktory to awa king
kon ansa awa kry for help.

# 21

*Prayer To Win*

For Di Kwayamasta: David Song

1 My God, si as di king dey rijoice, bikos of yor pawa!
E dey happy and shaut, bikos Yu make am win.
2 Yu don gi-am evritin where e wont and na evritin wey e ask for,
Yu gi-am.
3 Na suksess and progress Yu take welkom am back
kon put one fine gold crown for en head.
4 Wen e sey make Yu save en life,
Yu do evritin wey e ask for and en family go rule forever.
5 Yor viktory dey gi-am betta honor.
Viktory with majesty wey make evribody know am for evritin.
6 Yor blessing bi like klot for en body
and Yu gi-am joy for yor present.
7 Bikos di king trust God,
en love wey nor dey fail, nor go let di king fall.
8 Di king go katch all en enemies.
E go seize evribody wey hate am with en strong rite hand.
9 Wen Yu appear, Yu go trow dem put for fire wey dey burn well-well.
God go vex distroy dem for di fire.
10 Yu go distroy dia shidren-shidren from dis world
and dem nor go ever get shidren again.
11 Aldo dem plan against Yu,
dia wiked plan nor go work.
12 Dem go turn and run from Yu,
bikos of yor arrow wey Yu shot.
13 My God, make Yu raiz-up with all yor pawa
and wi go praiz and sing songs
to take celebrate evritin wey Yu don do.

# 22

*Praiz God Inside Pain*

For Di Kwayamasta: David Song

1 My God, my God, wetin make Yu forget mi?
Wetin make Yu dey far from mi wen I dey kry for help?
2 My God, na evriday I dey koll Yu, but Yu nor dey ansa.
Na evry nite Yu dey hear my vois, yet I still dey sofa.
3 Yu dey holy
and na Yu get all di praiz for Israel.
4 Awa grand-grand papa dem trust Yu
and Yu save dem.
5 Dem kry give Yu and Yu diliver dem.
Dem trust Yu and Yu nor ever disgrace dem.
6 But naw, I don turn worm instead of man.
Evribody hate and dey laf mi!
7 Anybody wey si mi, dey laf mi.
Dem go look mi kon shake dia head sey,
8 "Nor bi dis man trust God?

Make God save am naw!
If God love am well-well, make E kon diliver am naw!"
9 Yet Yu allow my mama born mi well
and I trust Yu from small pikin.
10 Dem born mi put for yor hand and na Yu dey kare for mi.
Na Yu bi my God from di time wen dem born mi kom rish naw.
11 So, make Yu nor too stay far from mi,
bikos trobol dey near and no oda pesin fit help mi.
12 My enemies gada round mi like strong melu and wiked animals from Bashan.
Dem gada won bite mi!
13 Dem dey open dia mout against mi
like lion wey dey hongry.
14 My life bi like wota wey dem trowey and all my bones don skata.
My heart bi like kandol wey dey melt inside mi.
15 My strent don dry like mold wey sun beat.
My tongue don gum my mout.
Yu don trow mi for groun kon leave mi make I die for der.
16 My enemies gada round mi like many dogs and bad-bad pipol dey kom katch mi.
Dem don shuk my hand and leg.
17 Naw, I fit kount all my bones
and my enemies dey laf as dem dey look mi.
18 Dem divide my klot among demsef.
Dem trow dice take divide my garment.
19 My God, nor dey far from mi!
Na Yu bi my strent; make Yu kwik kom save mi!
20 Make Yu save mi from di swod
kon guide my life from doz dogs.
21 Take mi komot from di lion mout
and from di wiked melu horn.
22 I go tok about yor name for where my kountry pipol dey.
I go praiz Yu for where yor pipol gada put.
23 Evribody wey dey fear God, kom make wi praiz am!
All Jakob shidren-shidren, make una kom make wi honor am!
24 Bikos E nor leave or forget poor pipol as dem dey sofa.
E neva turn en back to dem, but E dey listin to dia kry for help.
25 I go praiz Yu for where yor pipol gada.
Doz wey dey woship Yu, na for dia present I go for do wetin I vow.
26 Make doz wey dem dey opress,
si food kon chop beleful.
Evribody wey dey fine God, go praiz am
and dia heart go dey happy with joy wey nor dey end.
27 Di whole eart go know God kon run go meet am.
Evribody for di world go bow woship am.
28 Bikos na God bi di king wey get pawa
and E dey rules evry nashon.
29 Make rish pipol for di world kom woship am.
Evribody must bow to am, plus doz wey don die
and doz wey nor fit save dia own life.

30 Awa shidren sef go serve Yu.
Awa shidren-shidren go hear about di wonders wey God don do.
31 Dem go tell doz wey dem neva born naw about all di good tins wey God dey do.
Dem go hear about evritin wey E don do.

# 23

*Na God Dey Guide Mi*

David Song

1 Just as shepad dey guide en sheep, na so too God dey guide and provide for mi;
so hongry nor go kill mi.
2 E dey make mi rest for where good tins dey
kon take mi pass river wey kwayet.
3 E dey make mi strong.
E dey guide and take mi pass di rite road,
so dat pipol go honor en name.
4 Even doh I waka pass di place wey dark pass and where deat dey, I nor go fear anytin, bikos E dey with mi;
en rod and staff dey protet and konfort mi.
5 E dey give mi food to chop for my enemies present.
E pour oil for my head and my cup kon full dey trowey.
6 True-true, en goodness and love wey nor dey fail go dey follow mi till I die
and I go dey for God house forever and ever.

# 24

*Di Great King*

David Song

1 Na God get di eart and evritin wey dey inside.
Di world and evribody wey dey stay inside, na en own too.
2 E build di eart foundashon on-top sea
kon make am stand on-top wota.
3 Na who go fit klimb go God mountin?
Na who go fit stand for en Holy Place?
4 Na only doz wey get klean hand and pure heart;
pipol wey nor dey serve juju or lie or do bad tins.
5 Dem go get God blessing
kon bi di God wey dey save dem, friend.
6 Dis kind pipol dey go find and woship am,
bikos na-im bi di Oga wey bi Jakob God.
7 Naw, evry old gate, make una open!
Evry old door, make una open,
so dat di King wey get glory go enter inside.
8 Who bi dis King wey get glory?
Na God wey dey strong and get pawa well-well;
God wey get pawa to fight war.
9 Naw, evry old gate, make una open!
Evry old door, make una open,
so dat di King wey get glory go enter inside.

10 Who bi dis King wey get glory?
Na di Oga God of all ogas;
Na-im bi di King wey get glory.

# 25

*Prayer For Proteshon*

David Song

1 My God, na only Yu I dey depend on.
2 Na only Yu I trust,
so make Yu nor let pipol disgrace mi
or allow my enemies happy wen I fall.
3 Nobody wey trust Yu dey si disgrace,
but disgrace na for doz wey dey try to deceive odas.
4 My God, make Yu show mi di rite way
kon point di road wey I go follow.
5 Make Yu tish mi, so dat I go know di trut,
bikos na Yu bi di God wey save mi and evriday,
I dey put my hope for yor hand.
6 My God, remember yor kindness and love wey nor dey fail,
wey Yu dey show us, since awa grand-grand papa time.
7 Make Yu nor remember di sins wey I kommit wen I yong.
Remember mi for di lite wey yor love wey nor dey fail dey bring,
bikos Yu my God, dey sorry for pesin.
8 God dey good and E dey do wetin dey rite;
E dey show di rite road to pipol wey dey waka lost.
9 Doz wey dey honbol,
E dey help dem do wetin dey rite,
bikos E dey tish dem en ways.
10 All doz wey dey keep God kommand and obey en laws,
E dey show dem en faithfulnes
kon lead dem with love wey nor dey fail.
11 My God, bikos of di honor wey yor name get,
make Yu forgive mi my many-many sins.
12 How wi go take know doz wey dey fear God?
Na doz wey God go show di rite road wey dem go follow.
13 Dem go prosper
and dia shidren go inherit di land.
14 God na friend to doz wey dey fear am
and E dey tish dem en kovenant.
15 Na God I always dey look up to,
bikos na-im save mi from di trap wey my enemies set.
16 Make Yu turn kon sorry for mi,
bikos na only mi dey and I dey sofa well-well.
17 My problems dey worse evriday.
So, make Yu save mi from wahala!
18 Make Yu feel my pains kon si my trobol,
den Yu go forgive mi all my sins.
19 Si as my enemies many pass mi
and as dem hate mi rish!
20 Make Yu protet mi!

Make Yu save my life from dem!
Nor let mi si shame, bikos na only Yu go fit save mi.
21 As I dey loyal and honest rish,
Yu dey protet mi, bikos na Yu bi my hope.
22 So my God,
make Yu save Israel pipol from all dia trobols.

## 26

*Betta Pesin Prayer*
David Song
1 My God, my hand klean and I trust Yu with all my heart,
so make Yu show sey I dey innocent.
2 O my God, make Yu look mi well-well,
den test my heart,
so dat Yu go know wetin I dey tink.
3 Bikos I dey sure about yor love wey nor dey fail
and I dey live my life,
just as Yu sey make I leave am.
4 I nor get time to spend with lie-lie pipol
or waka with dem.
5 I hate to dey where bad pipol dey
and I nor go ever follow wiked pipol waka.
6 My God, I dey live my life well,
so dat I go fit kom yor altar
7 kom tank and tell Yu
about all di wonderful tins wey Yu don do.
8 Oga God, I love yor temple;
di place where Yu dey and where yor glory for dey shine.
9 Make Yu nor let mi sofa with my enemies
and nor kill mi with wiked pipol.
10 Dia hands dirty with di wiked tins wey dem don do
and dem dey always take bribe.
11 But I nor bi like dat; I dey live betta life.
So, make Yu kom save and sorry for mi.
12 Naw, I dey save and I don join di pipol wey dey woship Yu,
so I go praiz my God.

## 27

*Prayer To Praiz God*
David Song
1 Na God bi my lite and my salvashon,
so na who I go kon dey fear?
Na en dey guide and protet mi from danger,
so wetin go make mi dey shake?
2 Wen wiked pipol and my enemies won kom attack and kill mi,
dem dey stagga fall.
3 Even doh strong sojas gada round mi, my heart nor go fear.
Even if dem attack mi, I don go shek at-all.
4 Na only one tin I ask from God

and dat na wetin I wont!
Na make I stay for God house forever,
so dat I go dey si en mighty works
kon always dey happy for inside en temple.
5 Bikos E go must guide mi wen trobol kom kon hide mi for en temple.
E go put mi on-top one high rock where nobody go fit tosh mi.
6 Den I go win my enemies wey gada round mi!
I go offa sakrifice for dis temple and shaut for joy!
I go dey sing and praiz my Oga God.
7 So my God, make Yu hear my prayer.
Make Yu show mi mesi!
8 My heart sey make I pray to Yu
and I kon pray to Yu my Oga and God.
9 Make Yu nor rijet mi.
Nor vex push yor savant komot from yor present,
bikos na Yu dey diliver mi.
So, make Yu nor leave or abandon mi,
bikos na Yu dey fight for mi.
10 Even if my papa and mama abandon mi,
God go hold mi klose.
11 My God, make Yu tish mi how I go live my life
and bikos my enemies hide for korna dey wait to distroy mi,
make Yu lead mi pass di rite road.
12 Nor let mi fall enter dia hand,
bikos dem dey akuiz mi for wetin I nor do
and dem always dey treaten mi.
13 But where I for dey naw, if to sey I nor bilive
sey God go favor mi for dis land wey wi dey?
14 So, make yu dey patient, as yu dey wait for God and get strong mind.
Yes! Make yu dey patient, as yu dey wait for am.

# 28

*Prayer For Help*
David Song
1 I dey pray to Yu, my God wey bi my rock.
Make Yu ansa mi.
Bikos if Yu kwayet, life go taya mi and I go kwik die.
2 Make Yu listin to my prayer for mesi as I dey kry to Yu for help
and as I lift up my hand for yor holy temple.
3 Make Yu nor drag mi follow pipol wey dey do wiked;
doz wey dey tok like sey dem bi friend to dia neighbour,
but dem dey plan bad tins for dem for dia mind.
4 Make Yu ponish dem for dia wikedness!
Ponish dem akordin to di bad tins wey dem do,
den reward dem for all dia wiked plans!
5 Dem nor kare about di tins wey God do or wetin God make with en own hand.
So, God go skata dem finish and dem go disappear forever!
6 I go praiz God,
bikos E don hear my kry for help!

7 Na God bi my strent, my guide and I trust am with all my heart.
My heart dey happy well-well, bikos God help mi.
So, I go always dey sing dey tank am.
8 God dey give en pipol strent and en king dey save,
bikos E dey protet am.
9 So God, make Yu save yor pipol!
Make Yu bless Israel pipol wey bi yor special propaty.
Make Yu guide dem like shepad kon karry dem for yor hand forever.

# 29

*God Tok Inside Tonda*

David Song

1 Make all di angels for heaven honor God;
make una honor am, bikos of en glory and strent.
2 Make una honor God, bikos en name get glory.
Make una woship God, bikos of en holiness.
3 God vois dey sound on-top di sea and en vois bi like tonda,
bikos na en bi di God wey dey kause tonda on-top strong sea.
4 God vois get pawa well-well;
en vois get glory.
5 God vois dey break mighty cedar tree!
Yes, e dey skata cedar trees for Lebanon.
6 E make Mount Lebanon dey shake like small animal
kon make Mount Hermon dey jump like small melu.
7 God vois dey kom with strong lite.
8 God vois dey make di wildaness shake.
Yes! En vois dey shake Kadesh Valley.
9 God vois dey bend big trees and skata leaf for forest.
Evribody for di temple dey sey,
“Make glory bi yor own!”
10 Na God dey rule ova wota
and E go bi king forever.
11 Na God dey give en pipol strent
and na en dey bless dem with peace.

# 30

*Tanksgivin Prayer:*

Song Wey David Take Dedikate Di Temple

1 My God, I go praiz Yu,
bikos Yu save mi and Yu nor let my enemies win mi.
2 My Oga God, I dey kry to Yu for help
and Yu don make mi well.
3 My God, Yu don bring mi kom out from grave.
Yu keep mi, so dat I nor go fall inside pit where dead body dey.
4 All of una wey dey fear God,
make una sing to am!
5 Bikos en vexnashon nor dey tey, but en favor dey last forever! Even doh I kry for nite,
I know sey joy go kom for morning.
6 Dat time wen I don get evritin wey I nid, den I go kon sey,

"Nor-tin go fit make mi poor again!"
7 But my God, wen yor favor don sikure mi like mountin,
Yu kon turn from mi and evritin wey I get kon skata.
8 My God, I dey kry
and beg Yu for mesi kon sey,
9 "Wetin Yu go gain if I die?
Wetin Yu go get if I enter grave?
Dead body go fit praiz Yu?
10 My Oga God, make Yu hear mi kon sorry for mi.
Make Yu kom help mi."
11 Naw, Yu don turn my sorrow to happiness.
Yu remove di klot wey I take dey mourn
kon wear joy for my body like klot,
12 so dat I go sing praiz Yu and I nor go kwayet.
So, I go tank Yu wey bi my Oga and God forever!

# 31

*Prayer To Trust God*

For Di Kwayamasta: David Song
1 My God, na Yu dey protet mi; so make Yu nor let pipol disgrace mi.
Make Yu save mi, bikos Yu dey always do di rite tin.
2 Make Yu listin to mi kon kwik diliver mi.
Make Yu bi my rock wey go dey protet mi;
di strong place where I fit hide put.
3 Na Yu bi my rock and my guide.
Bikos of di honor wey yor name get,
make Yu take mi komot from wahala.
4 Drag mi komot from di trap wey my enemies set for mi,
bikos na only Yu fit protet mi.
5 I don put my life for yor hand.
So Oga God, make Yu diliver mi,
bikos Yu bi God wey dey faithful.
6 I hate pipol wey dey serve juju,
but I trust Yu wey bi my Oga God.
7 I go happy and dance for yor love wey nor dey fail,
bikos Yu don si my trobol
and Yu kare about di pains wey dey my heart.
8 Yu nor give mi to my enemies
and Yu don put mi for where I go dey save.
9 My Oga God, make Yu sorry for mi,
bikos I dey pass thru pain as I dey kry
and my body and soul dey die dey go.
10 I dey die bikos pain and sadnes don make my years short.
Sin don finish my strent and na die I dey die so.
11 All my enemies dey laf mi and my neighbours hate mi;
even my friends dey fear to waka near mi
and wen dem si mi dey kom,
dem go rush pass anoda road.
12 Pipol don forget mi like sey I don die;
like sey I bi pot wey break.

13 I don hear evritin wey dem dey tok and e dey make mi fear.
My enemies gada dey plan how dem go take kill mi.
14 But my Oga God, I trust Yu,
bikos na Yu bi my God!
15 My future dey yor hand.
Make Yu save mi from my enemies pawa, bikos dem won kill mi.
16 Make yor favor shine on yor savant.
Make Yu save mi with yor love wey nor dey fail.
17 My God, nor let dem disgrace mi,
bikos I dey koll make Yu kom help mi.
Instead, make disgrace follow wiked pipol
and make dem die go dia grave,
where dem go dey silent forever.
18 Make Yu klose dia lie-lie mout forever;
doz pipol wey get bad mout and dey akuiz God pipol.
19 Si as yor favor great rish;
di one wey Yu keep for doz wey dey fear Yu.
Yu dey pour dem on pipol wey kom make Yu protet dem
and Yu dey bless dem for evribody front.
20 Yu dey guide and hide dem for yor present
and dia enemies nor go fit tosh dem or lie for dia head.
21 Make praiz bi God own,
bikos E don show mi di wonderful tins
wey dey en love wey nor dey fail,
wen E save mi from my enemies.
22 I kry to Yu as I dey fear kon sey,
"Dem don take mi from Yu!"
But Yu hear my kry for mesi kon ansa my prayer for help.
23 All of una wey dey fear and obey God,
make una love am!
Bikos God dey protet pipol wey dey loyal to am,
but E dey vex ponish doz wey dey do wiked tins.
24 So evribody wey put dia trust for God hand,
make una nor fear, instead make una get strong mind!

# 32

*To Konfess And To Forgive*
Betta Song Wey David Rite
1 Di pesin wey God forgive en wiked ways and sins,
make e happy!
2 Yes, make doz wey God don forgive dia sins happy well-well;
doz wey dey live betta life naw!
3 Wen I nor gri konfess my sins, my body kon dey die go
and I kon dey kry with pain.
4 Both day and nite, God just dey ponish mi.
My strent die go like wota wey dry, bikos of heat.
5 So, I konfess all my sins kon stop to hide all di bad tins wey I dey do.
I tell mysef sey, "I go konfess my sins to God."
And E really forgive mi!
6 So make evribody wey dey fear God pray to am as time still dey,

so dat dem nor go sofa for judgement day.
7 Na God bi di place where I dey hide put and E dey protet mi from trobol.
God surround mi with song and happiness from doz wey E diliver.
8 God sey, "I go guide and take yu pass di best road for life.
I go advise and wosh ova yu.
9 So, make yu nor bi like horse or animal wey nor get sense
and wey nid kane to kontrol am."
10 Plenty trobol dey kom meet wiked pipol,
but di love wey nor dey fail, dey kover doz wey trust God.
11 So, doz of una wey get pure heart and dey raitious,
make una happy well-well!

# 33

*Praiz Song*

1 Una wey dey fear God, make una sing with joy;
bikos e dey good make pipol wey get pure heart, praiz am.
2 Make una praiz God with di sweet sound from jita;
make una use harp take sing to am.
3 Make una sing new song take praiz am;
make una play di harp make e loud well-well.
4 Bikos God word na true
and wi fit trust evritin wey E dey do.
5 E love anytin wey dey rite and good;
God love wey nor dey fail, full di eart.
6 Na with di word wey God tok, E take kreate di heavens.
E breath en word and all di stars for heaven, appear.
7 E gada di sea for one place
kon keep di ocean for where e dey.
8 So, make di whole world fear God and make evribody
kom bless en name.
9 Bikos na afta E tok, di world start!
As E kommand, di world kon appear at wons.
10 God skata di nashons plan
kon spoil wetin dem won do.
11 But God plan go stand forever;
wetin E plan,
nor go shange at-all.
12 Si as blessing full di nashon wey God bi dia God,
bikos God don take dem as en own.
13 God dey look from heaven.
E dey from der look all di pipol wey E kreate.
14 Evritin wey dey alive for dis eart,
God dey look dem from en throne.
15 Na-im make dia heart,
so E undastand evritin wey dem dey do or tink.
16 Just as di plenty sojas wey king get nor go fit save am,
na so too pesin pawa nor go fit save am.
17 So make yu nor feel sey na yor shariot go make yu win,
bikos with all en strent, e nor go fit save yu.
18 But God dey guide doz wey dey fear am;

doz wey bilive en love wey nor dey fail.
19 E save dem from deat
and keep dem alive wen honga dey.
20 Na God bi awa hope.
Na-im dey help and guide us.
21 Awa heart dey always happy,
bikos of am and wi trust en name wey dey holy.
22 My God, make yor love wey nor dey fail,
protet us, bikos na Yu bi di hope wey wi get.

# 34

*God Good*

David Song Wen E Pritend Sey E Dey Kraze And Abimelek Kon Porshu Am

1 I go always dey praiz God.
I go always dey tok about all di good tins wey E dey do.
2 Na only God name I go take boast;
so make doz wey dem dey opress, listin and happy well-well.
3 Kom make wi tok about how God great rish;
kom make wi praiz en name togeda.
4 I pray to God and E ansa mi
kon free mi from all my fear.
5 Doz wey dey go meet am make E help dem,
go happy well-well and shame nor go ever katch dem.
6 I pray to God as I dey sofa and E ansa mi;
E save mi from evritin wey dey worry mi.
7 Bikos na God angel dey guide mi,
na so too E dey protet and guide all di pipol wey dey fear am.
8 Make yu kom try God, den yu go si sey God dey good:
Make yu si as God bless di pipol wey bilive am!
9 Una wey bi God pipol, make una fear am,
bikos doz wey dey fear am go get evritin wey dem nid.
10 Yong lions wey strong well-well still dey hongry,
but doz wey trust God go get all di good tins wey dey dis world.
11 My shidren, make una kom listin to mi
and I go tish una how to fear God.
12 E get anybody wey won live betta life?
Anybody like to get long life?
13 Den make yu nor use yor mout take tok bad tin
and make yor lips nor dey lie!
14 Make yu turn from wiked tins kon do wetin dey good.
Make yu dey leave for peace with evribody
and do evritin to keep am like dat.
15 Pipol wey dey do wetin dey rite,
God eye nor dey komot from dia body
and en ear dey open to hear wen dem kry for help.
16 But God dey trowey en face from doz wey dey do bad tins;
E dey remove dem from dis eart.
17 God dey hear en pipol wen dem koll am for help.
E dey save dem from all dia wahala.

18 Pipol wey nor get hope, God dey-dey near dem;
E dey save doz wey dia spirit dey die.
19 Pipol wey dey do wetin dey rite, dey face trobol well-well,
but God go save dem from all dia wahala.
20 God dey protet en pipol well-well
and E nor go let any bad tin happen to dem,
21 but wiked pipol go must face wahala
and God go ponish doz wey hate en pipol.
22 God go save pipol wey dey serve am
and E nor go kondemn anybody wey dey obey am.

# 35

*Prayer For Help*

David Song

1 My God, make Yu oppoz doz wey dey oppoz mi
and fight doz wey dey fight mi.
2 Make Yu wear yor war klot,
ready for war, den kom save mi.
3 Make Yu lift yor spear and javelin against pipol wey dey porshu mi,
den I go bilive wetin Yu tok sey,
"Na mi wey bi God, go diliver yu!"
4 Make shame and disgrace follow pipol wey dey try to kill mi;
make Yu drive dem back and disgrace doz wey won wound mi.
5 Make Yu blow dem trowey like leaf wey breeze blow
and make yor angels porshu dem.
6 Make Yu make dia way dark and make groun draw dem fall,
as God angel dey porshu dem,
7 bikos I nor do dem any bad tin,
but dem dey set trap and dig pit to katch mi.
8 So make wahala kom meet dem at wons!
Make di trap wey dem set for mi, katch dem!
Make dem fall enter di pit wey dem dig for mi.
9 Den I go happy, bikos of my God.
I go happy, bikos E save mi.
10 I go praiz God with all di bones wey dey my body kon sey:
"Na who I wont take kompare with my Oga God?
Na who go fit save pipol wey nor strong from pipol wey strong?
Na who go fit protet pipol wey nor get help
and poor pipol from tif?"
11 Wiked pipol dey lie for my head.
Dem dey akuiz mi about bad tins wey I nor do.
12 Dem dey pay mi bad for di good wey I do
and dia wahala dey make mi sick.
13 Wen dem dey sick, I dey sorry for dem.
I dey ponish mysef as I dey fast for dem.
If I dey lie, make God nor ansa my prayers!
14 I dey mourn for dem, just as I go do for my broda or friend.
I dey bow with sorrow like sey I dey mourn for my mama.
15 But wen I fall, dem go dey happy
kon gada demsef togeda dey dance.

Dem gada togeda to kause wahala for mi
and dem nor gri stop or taya.
16 Dem dey laf and koll mi difren names;
while some dey try to bite mi.
17 My God, na so Yu go just dey look dem?
Yu nor go do anytin?
Make Yu save mi from dis lions wey won kill mi!
18 Den I go tank Yu for where yor pipol gada put.
I go praiz Yu for all yor pipol front.
19 Make Yu nor let my enemies happy
sey dem win mi.
Make Yu nor let pipol wey hate mi, even doh I nor do anytin,
happy bikos I dey sofa.
20 Dem nor dey tok about peace.
Dem dey plan against innocent pipol wey dey mind dia business.
21 Dem go dey shaut, "Yes o-o! Yes o-o!
Wi don get am at last!"
22 My God, Yu know all dis tins.
So, make Yu nor just keep kwayet, make Yu nor live mi naw.
23 Make Yu raiz-up kom defend mi!
My Oga God, make Yu take my matter like yor own.
24 Show sey I nor do anytin,
bikos na Yu dey judge well.
Make Yu nor let my enemies laf mi,
bikos of di trobol wey I dey face.
25 Make Yu nor let dem sey, "Si, wi don get wetin wi wont!
Wi go chop am alive!"
26 Make disgrace and shame follow pipol
wey dey happy sey I dey sofa.
Make nobody honor doz wey dey dance,
bikos I dey sofa and make shame kover dem.
27 But make Yu give joy and happiness to pipol wey dey help mi.
Make dem always dey sey,
"God dey great and E wont make en savant dey save!"
28 Den I go tok about yor korrect judgement
and I go praiz Yu forever.

# 36

*Wiked Pesin*

David Song

1 Wiked pipol nor get good heart
and dem nor dey fear God.
2 Bikos dem blind,
dem nor fit si as dem really wiked rish.
3 Evritin wey dem tok na lie and dem dey deceive pipol.
Dem nor dey ever gri do good tins.
4 Instead of dem to dey sleep for nite, na bad tins dem dey plan.
Wetin dem dey do nor dey good.
Dem nor even dey try to turn from dia wiked ways.
5 My God, yor love wey nor dey fail, big and wide like di heavens;

just as yor goodness high pass di kloud for sky.
6 Yor goodness bi like di highest mountin and di way Yu dey judge, klean
like river bottom.
Yu protet both pipol and animals.
7 My God, si as I value yor love wey nor dey fail!
Evribody dey save under yor feada shadow.
8 Yu dey feed dem from di plenty food wey Yu get for yor own house
kon let dem drink from yor wota wey dey give life,
9 bikos na Yu bi di wota wey dey give life;
di lite wey make us dey si.
10 Make Yu pour yor love wey nor dey fail on pipol wey love Yu;
make Yu judge well for pipol wey get klean heart.
11 Nor let proud pipol opress mi
or allow wiked pipol drive mi komot from my house.
12 Si! Wiked pipol don fall!
God don trow dem down and dem nor go get up again.

# 37

*Wetin Go Happen To Wiked And Good Pipol*

David Song

1 Make yu nor worry yorsef about wiked pipol
wey dey prosper or jealous doz wey dey do bad tins!
2 Bikos dem go soon die like grass.
Just as flower dey die for dry sizin,
na so too dem go die trowey.
3 Make yu trust God and do wetin dey good,
den yu go get peace for di land and yu go prosper.
4 Make yu depend on God
and E go give yu evritin wey yu wont.
5 Make yu kommit evritin wey yu dey do for God hand.
Trust am and E go help yu.
6 E go show sey yu dey innocent
kon defend yu for publik.
7 So, make yu wait for God with patient!
Make yu get mind as yu dey wait am!
Make yu nor worry about wiked pipol wey dey prosper or fear,
bikos of wetin dem get.
8 Make yu nor dey vex, bikos na trobol,
vexnashon dey bring.
9 God go distroy wiked pipol,
but na doz wey trust God, go inherit di land.
10 Wiked pipol go soon vanish and wen una look for dem,
una nor go si dem again.
11 Doz wey dey honbol,
go inherit di land and dem go get peace kon prosper.
12 Wiked pipol dey plan against God pipol;
dem dey attack God pipol anyhow.
13 But God just dey laf,
bikos E know sey di day to judge dem, don near well-well.
14 Wiked pipol dey use dia swod and bow take kill poor pipol,

doz wey dem dey opress and doz wey dey raitious.
15 But dia swod go stab dia own heart
and dia bows go break.
16 So e dey good to fear God with di small money wey pesin get,
dan to do evil kon get money well-well.
17 God go take wiked pipol pawa,
but E go protet doz wey dey fear am.
18 God dey guide innocent pipol evriday
and dem go get propaty wey go last forever.
19 E nor go leave dem wen tins hard and even wen honga dey,
dem go get enough food to chop.
20 But wiked pipol go die,
bikos God enemies bi like flower for field
wey go soon vanish like smoke.
21 Wen wiked pipol borrow sometin, dem nor dey pay back,
but doz wey dey fear God dey give tins to pipol with happiness.
22 Na doz wey God bless go get di land,
but doz wey E curse, go die.
23 God dey lead doz wey dey fear am.
E dey-dey happy with evritin wey koncern dia life.
24 Even doh dem dey shake, dem nor go ever fall,
bikos God hold dem with en hand.
25 Bikos since wen I dey yong kon rish naw wey I don old,
I neva si God leave doz wey dey fear am
or allow dia shidren go beg for food.
26 Dis pipol dey always happy to give
and blessing dey follow dia shidren.
27 So, make yu turn from bad tins kon do good
and yu go stay for di land forever.
28 Bikos God like to dey judge well
and E nor go ever leave doz wey dey fear am.
29 Doz wey dey fear God go inherit di land
and dem go stay der forever.
30 Doz wey dey fear God dey advise pipol well
and dem dey tok wetin dey rite.
31 Dem don make God law dia own,
so dem nor go ever sin.
32 Wiked pipol dey set trap for God pipol,
dem dey find ways to take kill dem.
33 But God nor go let wiked pipol win
or let dem kondemn doz wey dey fear am.
34 So make yu put yor hope for Oga God.
Make yu dey always waka for en ways
and E go honor yu wen E give yu dis land,
den yu go si as E dey distroy wiked pipol.
35 Pipol wey wiked and nor dey sorry for odas, I don si
as dem dey prosper like tree for betta groun,
36 but wen I look again,
I si sey dem don die go!
Even doh I look evriwhere weda I go si dem,

I nor si dem again!
37 So, make yu follow doz wey dey honest and dey do good,
bikos doz wey like peace go get betta future.
38 God go distroy wiked pipol
and dem nor go si tumoro.
39 But God go save doz wey dey fear am
and na-im go protet dem wen dem dey for trobol.
40 God go help and save dem from wiked pipol.
E go save dem with en pawa and dem go dey save inside am.

# 38

*Prayer Wen Pesin Dey Sofa*

David Prayer

1 My God, make Yu nor porshu or ponish mi,
bikos Yu dey vex!
2 Yor arrow don shuk mi.
E don wound mi well-well
3 and bikos Yu dey vex,
my body nor dey strong again,
bikos of my sin.
4 I dey die inside my own sin
and dis wahala too heavy for mi to karry.
5 Bikos of my sins,
di sore for my body don start to smell.
6 I nor fit stand strait again and wahala full my life.
Evriday, I dey kry and mourn waka.
7 I dey shame well-well
and na so-so sick I dey sick.
8 I don taya and my own don finish.
I dey kry from my heart, bikos of all di pain for my body.
9 So, Oga God, I know sey Yu know wetin I wont.
Yu dey hear as I dey kry with pain.
10 My heart dey beat fast-fast;
my pawa don finish and my eye don blind.
11 Pipol wey I love and wey bi my friends,
dey run from mi, bikos dem dey fear my diziz.
Even my own family membas stand for far dey look mi.
12 Yet, my enemies still dey set trap to kill mi.
Pipol wey hate mi dey plan to skata my life
and na evriday dem dey plan against mi.
13 But I bi like who nor dey hear wetin dem dey tok.
I kwayet dey look dem like sey I nor sabi tok.
14 Naw, I bi like deaf to dem.
I nor dey ready to kworel or ansa dem back.
15 But I dey wait for Yu, my God.
My Oga God, make Yu kom ansa mi.
16 I dey pray, “Make Yu nor let my enemies happy, bikos I fall for groun.”
17 Na die I dey so o-o, bikos na so-so pain I dey face.
18 But naw, I dey konfess my sins; I really dey sorry for evritin wey I don
do.

19 I get many wiked enemies and dem hate mi without any rizin.
20 Dem dey pay mi bad for good kon dey oppoz mi for di good tins wey I do.
21 So my God, make Yu nor leave mi.
Nor stand for far dey look mi.
22 My God and Savior, make Yu kwik-kwik kom help mi.

# 39

*Man Wey Dey Sofa*
David Rite Song Give Jedutun, Di Kwayamasta
1 I tell mysef sey, "I go dey kareful for wetin I dey do and I nor go sin with wetin I dey tok.
I go hold my tongue wen sinnas dey near mi."
2 But even as I dey kwayet and nor tok wetin good or bad,
my sorrow and pain still dey worse more-more.
3 Di more I dey tink about am, di more e dey pain mi for my heart;
so I kon sey:
4 "My God, na how long I go dey dis life?
Wen I go take die? Make Yu tell mi wen my life go end.
5 Si! Yu don make my life short well-well and my whole life bi like one sekond to Yu.
True-true, evribody life just bi like breeze wey dey blow pass."
6 Wi bi like shadow wey dey waka pass and evritin wey wi dey busy dey work for, nor mean anytin.
Wi dey gada money keep and wi nor know who go spend am.
7 So, my God, where I won put my hope?
Na Yu bi my only hope.
8 Make Yu save mi from my sins.
Make Yu nor let fools laf mi.
9 I kwayet for yor present;
I nor go tok anytin, bikos of wetin Yu don do.
10 But abeg, make Yu nor flog mi again!
I don taya for di beat wey Yu dey beat mi.
11 Wen Yu ponish us for awa sins,
Yu dey remove awa pawa like rat wey dey chop pesin food.
But each of us, na just breeze wey dey blow pass.
12 My God, make Yu hear my prayers! Make Yu listin to my kry for help!
Make Yu dey look di tears from my eye.
I bi like pesin wey travel kom stay with Yu,
just as my grand-grand papa dem bi to Yu.
13 Make Yu take yor vexnashon from mi,
so dat I go fit smile again before I die.

# 40

*Praiz Song*
David Song For Di Kwayamasta
1 I wait with patient make God kon help mi,
and E turn kon hear my kry.
2 E take mi komot from di pit where shame,
pain and sofa full kon put my leg for groun wey strong well-well,

den E make mi strong as I dey waka.
3 E don give mi new song to sing
and hymns wey I go take praiz awa Oga God.
Many pipol go si wetin E do kon praiz am,
den dem go start to trust God.
4 Make una si as pipol wey trust God dey happy;
doz wey nor like proud pipol or woship juju.
5 My Oga God, Yu don do wonderful tins for us.
Wetin Yu plan for us too many to kount.
Nobody bi like Yu.
If I start to kount all di wonderful tins wey Yu don do,
I nor go fit kount dem finish.
6 Yu really don make mi undastand sey,
nor bi only sakrifice and ofrin yu wont.
True-true, Yu nor just wont only burnt or sin ofrin.
7 Den I sey, "Look, I don kom,
just as dem rite about mi for yor Book sey:
8 'My God, I won do wetin Yu wont,
bikos Yu rite yor laws for my heart.' "
9 I don tell yor pipol about how Yu dey judge.
I nor dey fear to tok about all di good tins wey Yu don do.
10 All di good tins wey Yu do,
I nor keep dem for my heart;
but I don tok about as Yu dey faithful
and yor pawa wey dey save pipol.
11 So Oga God, make Yu nor stop to dey sorry for mi.
Make yor love and faith wey nor dey fail, always dey protet mi.

### *Prayer For Help*

12 Trobol gada round mi and I nor fit kount dem!
My sins don many well-well
and I nor sure sey I go fit dey free from dem!
Dem many pass di hair wey dey my head
and I don lost all my hope.
13 So my God, abeg, make Yu save mi!
Make Yu kwik-kwik kom help mi.
14 Make shame and disgrace follow di pipol wey dey try to distroy mi.
Pipol wey dey happy bikos I dey sofa, make disgrace follow dem.
15 Make shame and disgrace follow dem, bikos dem sey,
"Yes o-o! Wi don get am naw!"
16 But pipol wey dey find Yu,
make joy and gladness full dia heart.
Make doz wey love yor salvashon always dey shaut sey,
"God dey great!"
17 I dey poor and I nor get anytin,
so make God keep mi for en mind.
My God, make Yu kwik kom,
bikos na Yu bi my help and di Pesin wey go save mi.

# 41

*Man Wey Dey Sick, Prayer*
David Song For Di Kwayamasta
1 Na blessing go follow doz wey dey do good for poor pipol!
God dey always save dem from trobol.
2 Make God protet and keep dem alive.
Make E make dem prosper for di land and save dem from dia enemies.
3 God dey kare for dem wen dem dey sick
kon make dem well again.
4 My God, I dey pray sey, "Make Yu sorry for mi.
Make Yu heal mi, bikos I don sin against Yu."
5 Na only bad-bad tins my enemies dey tok about mi.
Dem dey ask, "Wen e go take die make pipol forget am?"
6 Dem dey visit mi like sey dem bi my friends,
but na wikedness full dia heart
and wen dem komot from where I dey,
dem go-go spoil mi give evribody.
7 Pipol wey hate mi dey tok for each oda ear about mi
and na only bad tins dem dey tink about mi.
8 Dem sey, "E get some bad-bad diziz.
E nor go ever get up from dat bed!"
9 Even my best friend, di one wey I trust with evritin;
pesin wey wi dey chop togeda, don turn against mi.
10 So Oga God, make Yu sorry for mi.
Make I well again, so dat I go pay dem back!
11 Like dis, I know sey I dey make belle sweet Yu,
bikos Yu neva let my enemies win mi.
12 Instead, Yu don keep my life, bikos I dey innocent;
Yu don let mi enter yor present forever.
13 So make una praiz di Oga wey bi Israel God,
bikos E dey alive forever and ever.
Amen!

# 42

*Man Wey Dey Strenj Land Prayer*
David Song Wey Korah Shidren Sing
1 My God, just as deer dey find wota to drink,
na so too I dey find Yu.
2 I dey hongry to know God!
Di God wey dey alive.
So na wen I go take stand for en front?
3 I dey kry both day and nite and na tears bi di only food wey I dey chop
and my enemies dey tell mi sey,
"Where dat yor God dey sef?"
4 I start to kry wen I remember as tins bi before!
Den I dey waka with doz wey dey woship God;
dey lead many pipol go God house
and wi dey happy as wi dey sing
and dey tank am as wi dey celebrate!
5 But wetin make mi nor get mind?

Wetin make my heart nor happy at-all?
I go put my hope for God hand!
I go praiz am again,
bikos na-im bi my Savior and my God!
6 Naw, I nor get hope at-all, but I go remember Yu,
even from Mount Hermon wey far
and for Mount Mizar land wey dey Jordan River.
7 I dey hear and si as wave for sea dey jam demsef!
Yor wave and breeze dey make my heart shake.
8 But evriday, God dey pour en love
wey nor dey fail for my life and evry nite,
I dey sing en song, dey pray to God wey give mi life.
9 I dey kry dey sey, "My God wey bi my rock,
wetin make Yu forget mi?
Wetin go make mi dey waka with pains
bikos my enemies dey opress mi?"
10 Dia wahala don break my bones.
Dem dey laf dey sey, "Where dat yor God dey sef?"
11 Wetin make mi nor get hope?
Wetin make my heart nor dey happy at-all?
But I go still put my hope for God hand!
I go still dey praiz am, bikos na-im bi my Savior and God!

# 43

*Man Wey Dey Strenj Land Prayer*

1 My God, make Yu show sey I dey innocent!
Save mi from pipol wey nor dey fear Yu.
Diliver mi from doz wey dey lie,
2 bikos na Yu bi di God wey dey save mi.
But wetin make Yu rijet mi?
Why I go dey waka with pains, bikos my enemies dey opress mi?
3 Make Yu send yor lite and trut kon guide mi.
Make dem karry mi go yor holy mountin, di place wey Yu dey stay.
4 For der, I go-go God altar;
di God wey dey give mi joy kon praiz am with my harp!
5 Wetin make my soul dey weak?
Wetin make my heart nor happy at-all?
But I go put my hope for God hand!
I go praiz am again,
bikos na-im bi my Savior and God!

# 44

*Prayer For Proteshon*

David Song Wey Korah Shidren Sing
1 My God, wi don hear am with awa own ear
and awa grand-grand papa dem don tell us
about evritin wey Yu do for dia time.
2 Yu use yor pawa take porshu doz wey nor dey fear Yu
kon give all di land to awa grand-grand papa dem.
Yu skata dia enemies kon free awa grand-grand papa.

3 Dem nor win di land with dia swod
and nor bi dia own strong hand make dem win,
but na yor rite and strong hand
with di shinin-shinin lite from yor face,
help dem, bikos Yu love dem.
4 Na Yu bi my King and God.
Na Yu make Israel pipol win.
5 Na yor pawa wi go take porshu awa enemies;
na yor name wi dey take mash dem for groun.
6 I nor trust my bow,
I nor put hope sey my swod go save mi,
7 but na Yu make us fit win awa enemies
kon disgrace doz wey hate us.
8 My God, wi go always dey give Yu glory
and praiz yor name forever and ever.
9 But naw, Yu don rijet and disgrace us.
Yu nor dey follow awa sojas go fight again.
10 Yu make us run from awa enemies kon allow pipol wey hate us,
pak awa propaty.
11 Yu don busher us give dem like animal wey dem won chop
kon skata us among di nashons.
12 Na one-one kobo Yu sell yor special pipol
and Yu nor gain anytin from inside.
13 Yu don let awa neighbours dey laf us.
Pipol wey dey around dey take us make yeye.
14 Yu don make us di topik for dia joke;
dem dey shake dia head for us like sey wi bi fools.
15 Na sofa and curse bi my own evriday;
dem don rite shame put for my fore head.
16 Doz wey dey laf mi,
na only dia vois I dey always hear
and na only my enemies wey dey ponish mi, I dey si.
17 Even doh all dis tins dey happen to us, wi neva forget Yu.
Wi neva go against yor kovenant.
18 Na only Yu dey awa heart
and wi still dey follow yor ways.
19 Yu don skata us for groun like dirty wey dog dey run pass;
Yu don kover us with darkness.
20 If wi don rijet awa Oga God
kon dey pray to anoda god,
21 E go know,
bikos E know wetin dey evribody mind.
22 Yet bikos of am, dem dey kill us evriday;
dey trit us like sheep wey dem won kill.
23 So, my God, make Yu wake-up! Wetin make Yu dey sleep?
Make Yu get up! Make Yu nor rijet us forever.
24 Why Yu dey look di oda side?
Wetin make Yu do like sey Yu nor know sey wi dey sofa
and wiked pipol dey opress us?
25 Wi don faint for groun kon sleep for dirty.

26 So my God, make Yu kom help us!
Save us bikos of yor love wey nor dey fail.

# 45

*Song For Royal Marriage*
David Love Song

1 Na betta words full my heart for di king and I go use my vois praiz am,
just as dem dey use biro rite for book.
2 Na yu fine pass among evry oda man!
Betta word dey kom out from yor mout
and bikos of dis, God ensef don bless yu forever.
3 My strong warrior!
Make yu karry yor swod kon appear with yor glory and majesty!
4 Make yu appear with yor majesty kon ride go defend wetin dey rite, true and good.
Dat time, Yu go win yor enemies with yor strong rite hand.
5 Yor arrows sharp, e dey shuk yor enemies for dia heart
and nashons dey fall for yor leg.
6 My God, yor throne go dey forever and ever.
Na with royal pawa Yu take dey judge yor kingdom.
7 Yu love wetin dey rite kon hate wiked tins.
So Oga wey bi yor God don anoint yu as E pour en oil for yor head kon make yu high pass any oda pesin.
8 Na myrrh, aloe and kassia dem spray as perfume for yor klot.
Dem dekorate yor palis with ivory
and na harp dem take dey entertain yu for der.
9 Kings dota dey join doz wey kom visit yu
and yor kween go wear fine-fine gold
and silva wey dem make for Ofir town
kon stand near yu for yor rite side!
10 All my princess, make una listin to mi kon keep wetin I tok for una heart.
Make una forget una pipol and family wey dey far-far.
11 Bikos una prince dey happy for una beauti.
Make una honor am, bikos na-im bi una oga.
12 Rish pipol from Tyre town go kom give una gifts.
Doz wey get money go kom make una help dem.
13 Di king dota dey always dey happy for en room afta e don wear en fine-fine klot
wey dem make with gold.
14 Den dem go take am go meet di king
as e wear di fine klot with di virgins wey follow am for back
15 and dem go happy dey celebrate
as dem dey enter di king palis!
16 Dia sons go bi king afta dia papa
and dem go rule ova many lands.
17 I go make evry generashon honor and remember yor name
and pipol go praiz yu forever and ever.

# 46

*God Dey With Us*
David Song Wey Korah Shidren Sing
1 Na God bi di strong place wey wi dey hide put
and na-im dey help us wen wi dey trobol.
2 Bikos of dis, wi nor dey fear wen di eart dey shake
or wen mountins dey fall enter sea.
3 River dey make betta nois
and mountins dey shake for di strong sea.
4 Di wota from di river dey bring joy kom God town;
di special and holy place where di Holy One dey stay.
5 Bikos God dey stay di town, e nor go skata.
Na from wen day just break, God dey protet am.
6 Nashons don skata and dia kingdoms dey fall!
God shaut like tonda and di eart kon bigin melt!
7 God wey dey lead heaven sojas dey with us
and na Israel God dey protet us.
8 So make una kom si all di wonderful tins wey God don do.
Make una si how E dey make di world konfuse.
9 E stop all di war for di eart kon break di bow and skata di spear,
den E burn di shield with fire.
10 God sey, "Make una stand for where una dey,
den una go know sey na mi bi God!
Evry nashon go honor mi
and evribody for di world go praiz my name."
11 God wey dey lead heaven sojas dey with us
and na Israel God dey protet us.

# 47

*Na God Dey Rule Di World*
David Song Wey Korah Shidren Sing
1 Evribody! Make una kom!
Make una klap una hand!
Make una shaut praiz God with klean mind!
2 Bikos di Most High dey good!
Na-im bi di great King for di whole eart.
3 E distroy di pipol wey dey before us
kon put awa enemies under awa leg.
4 E choose and give us di Promise Land as awa propaty for life;
di place wey dey make Jakob shidren-shidren happy;
di shidren wey God love.
5 God dey waka go en throne
and pipol dey shaut and blow trumpet as E dey go.
6 So, make una sing praiz God; make una praiz am;
make una sing praiz to awa King, make una sing praiz am!
7 Na God bi di King for all di eart.
Make una praiz am with psalms!
8 Na God dey rule all di nashons,
even as E sidan for en holy throne.
9 Di rulers for di world gada togeda with Abraham and God pipol,

but bikos na God bi di King of evry king,
make una honor am for evriwhere for di world.

# 48

*Zion: God Town*
David Song Wey Korah Shidren Sing
1 Si as awa God great rish!
Wi go praiz am for en own town wey dey on-top en holy mountin!
2 Di mountin dey high and fine well-well;
di whole eart dey happy to si am!
Mount Zion wey bi di holy mountin,
na-im bi di town where di great King dey stay!
3 God ensef dey for Jerusalem towa
and na-im dey defend us.
4 Di kings for di eart join togeda kon fight di town.
5 But wen dem si am, dia heart kut and fear katch dem,
so dem kon run go back.
6 Fear katch dem well-well
and dem kon dey kry with pain like woman wey won born.
7 Yu skata dem like di big sheep for Tarshish
wey Yu distroy with di wind from east.
8 Wi don hear about di town glory, but naw, wi don si am by awasef;
di town wey God wey dey lead heaven sojas, dey
and bikos na awa God town,
E go protet am forever.
9 My God, as wi dey woship for yor temple,
wi go always dey tok about yor love wey nor dey fail.
10 My God, as yor name bi, na so dem go praiz Yu for evriwhere for di eart.
Na viktory full yor strong rite hand.
11 Make Zion pipol rijoice.
Make all di towns for Judah happy, bikos of di way God dey judge.
12 Make una go look Jerusalem;
waka round and kount all di towas.
13 Make una si as di town walls strong rish and as e dey save,
den una go fit tell una shidren-shidren about am.
14 Bikos na so God bi!
Na-im bi awa God and E go guide us forever and ever.

# 49

*E Dey Foolish To Trust Money*
David Song Wey Korah Shidren Sing
1 Evribody, make una listin to wetin I won tok!
Evribody for di world, make una put una ear for groun!
2 Pipol wey get money and pipol wey nor get, make una listin!
3 Bikos wetin I dey tok, dey good and wetin I dey tish,
dey give pipol wisdom.
4 I go listin to many proverbs
and play jita take solve many problems.
5 So, wetin go make mi fear wen trobol kom
or wen enemies gada round mi?

6 Dem bilive dia money
kon dey boast with all di tins wey dem get.
7 Yet dem nor fit save demsef from deat
or pay God for dia life:
8 (true-true, e nor get any money wey pesin fit take buy human being life,
bikos evribody must die)
9 since dem nor go dey alive forever, bikos dem go must die one day.
10 Wi know sey even wise pipol must die;
both fools and doz wey dey spiritual still dey die too
and na odas go kollect evritin plus di money wey dem get.
11 Dia grave go kon bi where dem go stay forever.
Dem give dia land dia name,
12 but with all di money wey dem get, dem must still die;
dem bi like animals wey dey die trowey.
13 Dis na wetin go happen to fools
and pipol wey bilive wetin dem dey tish.
14 Just as sheep dey waka like mumu,
na so too dem go dey waka until dem enter dia grave;
di place where Deat go bi dia shepad and oga.
For morning, pipol wey dey fear God go rule ova dem.
Dia body go rotin for grave wey nor even dey near dia fine house.
15 But for mi, God go save my life.
E go save mi from deat.
16 So make wi nor dey judge or vex
bikos wiked pipol get money or get fine house.
17 Bikos wen dem die, dem nor go take anytin follow body.
Dia money and evritin wey dem get, nor go follow dem enter grave.
18 For dis life, dem dey happy sey dem get evritin
kon dey klap for dia suksess,
19 but dem go die like doz wey don die before
and dem nor go ever si day lite again.
20 Pipol wey dey make mout about dia money,
nor undastand anytin at-all;
bikos dem go die, just as animal dey die too.

# 50

*True Woship*

Asaf Song
1 Di Almighty One wey bi God don tok;
E don gada evribody
rite from where di sun for dey raiz
go rish where e for dey go down.
2 From Mount Zion wey fine well-well,
God dey shine inside en glory.
3 Awa God dey kom and E nor dey kwayet at-all.
Fire dey burn evritin wey dey en way
and strong breeze wey dey make nois, dey round am.
4 E dey koll di heavens wey dey up and di eart wey dey under,
so dat dem go bi witness wen E dey judge en pipol.
5 E sey, “Make una bring my pipol wey dey obey mi kom,

doz wey make kovenant with mi with dia sakrifice.
6 Make di heaven tok about how E take dey judge
bikos na God go judge by ensef.
Make di heavens tok about en good judgement,
bikos na God bi di judge.
7 My pipol, make una listin as I dey tok.
Israel pipol, dis na wetin I get against una,
na Mi bi di Oga wey bi una God!
8 I nor dey komplain about una sakrifice
or di burnt ofrin wey una always dey offa.
9 I nor nid di melu from una house again
or wont di goat from una farm.
10 Bikos na mi get all di animals for forest
and all di many goats wey dey di hills.
11 I know all di birds for di mountin
and all di animals for di field, na my own too.
12 If to sey I dey hongry, I nor go tell una,
bikos na mi get di world and evritin wey dey inside.
13 I dey chop melu meat?
Abi I dey drink goat blood?
14 So make tanksgivin bi una sakrifice to God,
den make una keep di promise wey una make to di Most High.
15 Afta, make una koll mi wen una dey trobol and I go kom save una,
den una go give mi all di glory."
16 But God tell wiked pipol: "Wetin make una dey learn my laws
and dey pritend sey una dey obey my kovenant?
17 Una nor gri listin to my kommand,
instead una dey do my word anyhow like dirty.
18 Wen una si tifs, una go hail and klap for dem
and una dey spend una time with pesin
wey dey sleep with who e nor marry.
19 Na so-so wiked tins full una mout
and na lie-lie full una tongue.
20 Una go just sidan dey tok bad about una broda;
di pikin wey una own mama born.
21 As una dey do all dis tins,
I nor tok at-all and una feel sey I nor kare.
But naw, I go distroy una
kon rite evritin wey I get against una.
22 All of una wey don forget mi, make una turn from sin kom meet mi
or I go kill una finish and nobody go kom help una.
23 But to dey give tanks,
na di kind sakrifice wey dey sweet mi for body.
So if una follow my kommand,
I go show una how God salvashon bi."

# 51

*Forgivenes Prayer*

David Song For Di Kwayamasta Afta E Sleep With Batsheba

1 My God, make Yu sorry for mi, bikos of yor love where nor dey fail.

Make Yu forgive mi my sins, bikos Yu dey sorry for pipol.
2 Make Yu wosh and klean mi from di bad tins wey I do.
Klean mi from all my sins.
3 I know sey I do many bad tins;
bikos I really know all di sins wey I dey kommit.
4 I don really sin against Yu;
I don do bad tins for yor present.
Evritin wey Yu dey tok dey rite
and di way Yu take judge my kase, dey good.
5 Si, na for inside sin, dem born mi; Yes!
Na rite from di time wey my mama get my belle.
6 But even before dem born mi,
Yu don plan betta tins for mi kon dey tish mi wisdom.
7 So make Yu klean mi from my sins and I go dey klean;
make Yu wosh mi and I go white pass snow.
8 My God, make Yu give mi my joy back
and make my bones wey Yu break, strong again.
9 Make Yu nor kontinue to dey look my sins,
but klean mi from all di bad tins wey I don do.
10 My God, make Yu put betta heart inside mi
and make yor spirit strong inside mi too.
11 Nor drive mi komot from yor present
or take yor holy spirit from mi.
12 Make Yu give mi back di joy wey make mi dey save,
so dat I go dey happy to obey Yu.
13 Den I go tish wiked pipol yor ways
and dem go turn kom meet Yu.
14 My God wey dey save pesin,
make Yu forgive mi, bikos I don kill pesin;
den I go sing about yor forgivenes with joy.
15 My God, make Yu open my lips,
so dat my mout go praiz Yu.
16 Nor bi sakrifice or burnt ofrin yu wont,
if not, I for offa sometin give Yu.
17 Di sakrifice wey Yu wont,
na spirit wey dey honbol and dey obey Yu.
My God, Yu nor go rijet pesin wey honbol
and turn from en sin kom meet Yu.
18 My God, make Yu look Zion with favor kon help am;
make Yu ribuild Jerusalem walls again.
19 Den Yu go asept di sakrifice wey dem go offa with betta spirit;
di burnt and di full ofrins.
Den pipol go offa melu as sakrifice,
for yor altar again.

# 52

*God Judgement And Grace*

David Song For Di Kwaya Leader. E rite am wen Doeg from Edom go meet and tell Saul sey David don go Ahimelek house.

1 Yu wey tink sey yu strong,

why yu dey karry body
for di bad tins wey yu dey do?
Yu nor know sey God love dey always protet mi?
2 Evriday, na how yu go take distroy pipol yu dey plan.
Yor tongue dey kut pipol like razor blade
and yu sabi lie well-well.
3 Yu like bad tins pass good ones
and yu love lie-lie pass trut.
4 Yu wey dey lie well-well,
yu like to distroy odas with yor words!
5 But God go distroy yu wons and for all.
E go remove yu from yor house
kon distroy yu from dis world.
6 Doz wey dey do wetin dey rite,
go si am kon happy.
Dem go laf dey sey,
7 "Si wetin happen to dis man wey nor trust God
and tink sey e strong.
E trust en money kon dey happy
for di wiked tins wey e dey do."
8 But I bi like olive tree
wey dey grow well inside God house.
I go always trust God love wey nor dey fail.
9 My God, I go praiz yu forever,
bikos of di tins wey yu don do.
I go always dey trust Yu,
bikos pipol wey dey obey Yu,
know sey Yu dey good.

# 53

*Men Wikedness*

David Song For Di Kwayamasta
1 Na fools dey tok for dia heart sey,
"God nor dey."
Dem don spoil;
na bad tins dem dey do
and e nor get any one among dem wey dey do good!
2 God dey from heaven look evribody;
E dey look to si if anybody really get sense
and weda anybody really dey find am.
3 But nor bi so. Evribody don dey sin;
evribody don spoil finish.
E nor get anybody wey dey do good at-all!
4 Pipol wey dey do wiked tins nor get sense at-all?
Dem dey chop my pipol like bread
and dem nor ever dey tink sey e good make dem pray to God.
5 Fear go katch dem
and na di kind fear wey dem neva si or hear before.
God go skata yor enemies bones.
God go disgrace dem, bikos E don rijet dem.
6 Na who go kom from Mount Zion

kon save Israel pipol?
Wen God don save en pipol, den
Jakob shidren go shaut with joy
and Israel pipol go happy well-well.

# 54

*Prayer For Proteshon From Enemies*

David Song For Di Kwayamasta Wen Zif Pipol Go Ripot Am

1 My God, make Yu kom with yor great pawa kon save mi!
Make Yu defend mi with yor strent.
2 My God, make Yu listin to my prayers.
Make Yu listin to mi as I dey beg.
3 Bikos strenjas dey attack mi;
wiked pipol dey try to kill mi and dem nor kare about God.
4 But na God dey help mi.
Na God dey keep my life!
5 Make evry wiked plan wey my enemies dey plan,
turn back go meet dem.
6 I go just give Yu sakrifice on my own!
My Oga God, I go praiz yor name, bikos e dey good and
7 Yu save mi from my trobols
kon help mi defeat my enemies.

# 55

*Pesin Wey En Friend Betray Am, Prayer*

David Song For Di Kwayamasta

1 My God, listin to my prayer.
Nor trowey yor face wen I dey kry for help!
2 Abeg, make Yu listin kon ansa mi,
bikos di trobol wey dey face mi, too mush.
3 My enemies dey shaut for mi;
dem dey shaut and treaten mi well-well.
Dem dey karry wahala kom
and dem won kill mi.
4 My heart dey beat for my chest and bikos of deat,
I kon dey fear.
5 I just dey fear dey shake anyhow
and I nor fit stop to shake.
6 I wish sey I get feada like dove,
I for don fly go where I go rest!
7 I go fly go far; go rest for wildaness
bikos e dey kwayet.
8 I go kwik run go
where I go dey save from dis pipol
wey hate mi well-well.
9 So my God, make Yu konfuse and skata dia plans,
bikos na wahala and konfushon I dey si for di town.
10 Both for day and nite,
dem dey waka on-top di town wall
and na wikedness and distroshon full der.

11 Evritin don skata and na so-so to dey treaten
and shit pipol, full di town.
12 If to sey na enemy dey laf mi,
I for fit bear-am.
If to sey na enemies dey make mout for mi,
I for fit hide from dem.
13 But na yu my klose friend;
di pesin wey I like well-well.
14 Wi don tell each oda awa sekret;
wi dey waka togeda among di pipol wey dey God Temple.
15 Make deat distroy my enemies;
make di grave swallow dem alive,
bikos na wikedness dem dey stay with.
16 But I go koll my God
and E go kon save mi.
17 For morning, aftanoon and nite,
I dey kry with pain and God hear my vois.
18 E go diliver and save mi from pipol
wey dey plan against mi,
even doh dem many well-well.
19 God wey dey rule forever go hear mi kon deal with dem,
bikos my enemies nor gri shange from di wiked tins
wey dem dey do and dem nor dey fear God.
20 Dem dey attack dia friends
and break di promise wey dem make with dem.
21 Dia words dey smooth like butter,
but dia heart strong like stone.
Dia word smooth well-well like pomade,
but na dagger dey under dia tongue!
22 So make una give all una trobol to God,
bikos E kare about una.
E nor go allow pipol wey dey obey am,
draw fall for groun.
23 But Yu, my Oga God!
Yu go send wiked pipol go di pit where distroshon dey.
Doz wey dey kill pipol and doz wey dey lie, go kwik die,
but as for mi,
I go trust di Oga, wey bi my God.

# 56

*Prayer To Trust God*

David Song Wen Filistia Pipol Dey Porshu Am

1 My God, make Yu sorry for mi,
bikos pipol dey attack mi.
My enemies dey attack mi evriday.
2 Pipol wey won si sey I fall,
dey always attack mi.
True-true many of dem
dey fight mi.
3 But even as I dey fear,
I still trust Yu.

4 I praiz God for wetin E don promise.
I trust God, so wetin go make mi dey fear?
5 Evriday, dem dey kause wahala for mi.
All wetin dem sabi, na to dey plan bad tins against mi.
6 Dem dey gada hide dey look mi;
dey monitor mi as I dey waka and dem dey ready to kill mi.
7 So my God, make Yu distroy dem
bikos of di bad tins wey dem dey do.
Make Yu nor let dem eskape!
8 Yu know di pains wey I dey face.
As I dey kry, Yu put all my tear for bottol
kon rite wetin I dey sofa for yor book.
9 My enemies go run wen I koll Yu for help,
bikos I know sey God dey for my side!
10 I dey praiz God for wetin E don promise.
Yes! I go dey praiz am, bikos of en promise.
11 I trust God well-well, so wetin go make mi dey fear?
Wetin ordinary human being go fit do mi?
12 My God, I go do wetin I vow to give Yu and tank Yu,
bikos of how Yu dey help mi.
13 Yu don save mi from deat and Yu nor let mi fall at-all,
so I go always dey serve Yu, as I dey enjoy dis life.

# 57

*Make God Glory Kover Di Eart*

David Prayer Wen E Dey Run From Saul

1 My God, make Yu sorry for mi.
Abeg, sorry for mi,
bikos na Yu dey protet mi.
I go hide under yor shadow
until I don free from all dis wahala.
2 I kry to di Most High;
di God wey dey supply evritin wey I wont
3 and E go send help kom from heaven kon save mi,
den disgrace doz wey won kill mi.
My God go send en goodness
and love wey nor dey fail kom.
4 Na lions gada round mi so!
I dey with pipol wey won kill mi;
pipol wey dia tit sharp like spear and arrow
and wey dia words dey kut like swods.
5 My God, make Yu raiz pass di sky!
Make yor glory shine for evriwhere for di eart.
6 My enemies don set trap for mi
and I don taya bikos of dia wahala.
Dem dig deep pit for where I dey waka pass,
but na dem go fall enter by demsef.
7 My God, I get hope.
Yes! I get hope.
So I go sing kon praiz yor name.

8 So, make my heart wake-up!
Trumpet and jita, make una wake-up too!
Mi mysef go wake-up for morning with song for my mout.
9 I go tank Yu wey bi my God for where evribody dey.
I go sing yor praiz among all di nashons.
10 Bikos yor love wey nor dey fail, high pass heaven.
Yor faithfulnes dey rish di kloud.
11 My God, make Yu raiz pass di sky
and make yor glory shine kon kover di whole eart.

# 58

*Make God Ponish Wiked Pipol*

David Song For Di Kwayamasta

1 Una wey dey rule, una dey judge well?
Una dey judge di pipol well so?
2 No! Na bad tins una dey plan for una mind
and na wahala una dey kause for di whole town.
3 Dem born dis wiked pipol with sin for dia heart;
na from dia mama belle dem don start to lie and do as dem like.
4 Dia spit bi like wiked snake own;
dem bi like kobra wey nor dey hear word;
5 bikos dem nor won hear di nois wey di pesin
wey dey sharm snake, dey make.
6 So my God, make Yu break dia tit!
Make Yu skata di lion jaw.
7 Make dem vanish like wota wey dey flow!
Make dem dry like grass wey pipol go burn trowey!
8 Make dem bi like snail wey dey die as dem dey waka!
Make dem bi like pikin wey dem just born,
wey nor ever si sun before e die!
9 God go swip dem trowey kwik-kwik,
even before pot wey dem put for fire, go dry.
10 Pipol wey dey fear God go happy wen dem si wiked pipol dey fall.
Dem go use wiked pipol blood take wosh dia legs.
11 Den for di end, evribody go sey,
"Yes! Pipol wey dey obey God, go get dia reward.
True-true, wi get God wey go judge di whole world!"

# 59

*Prayer To Dey Save*

David Song Wen Saul One Kill-am

1 My God, make Yu save mi from my enemies.
Make Yu protet mi from di pipol wey won kill mi.
2 Save mi from pipol wey dey do bad tins
and doz wey like wahala well-well.
3 My God, si as dem dey wait for korna to katch mi;
wiked and strong men dey wait to katch mi,
even doh I nor sin or do bad tin.
4 I nor do anytin bad, yet dem dey wait to attack mi.
Make Yu raiz-up kon si wetin dey happen, den help mi!

5 My Oga wey bi kommander for heaven, Israel pipol God,
make Yu raiz-up kon ponish doz wiked nashons.
Make Yu nor sorry for wiked pipol.
6 Dem dey waka round di town for nite
like wiked dogs.
7 Make Yu listin to how dem dey curse mi
and even for publik, dem dey treaten to kill mi dey sey,
"Afta wi don finish with yu, nobody go shalenge us!"
8 But Oga God, dey laf dem.
Yu dey laf all dis wiked nashons.
9 Na Yu bi my strent and I dey wait make Yu save mi!
Na Yu God, bi my guide!
10 My God wey love mi go help mi.
E go make mi happy, bikos I win my enemies.
11 Make Yu nor kill dem just like dat,
bikos my pipol go kwik forget di lesin.
So, make Yu use yor pawa take
make dem dey waka up-and-down without house,
den make Yu honbol dem,
bikos na Yu my God, dey protet mi.
12 Bikos of di bad-bad tins wey dem dey tok, bikos of di evil wey dey dia lips,
make dia own pride, bad mout and lie-lie, trap dem.
13 Make Yu distroy dem as Yu dey vex!
Make Yu distroy dem finish!
Den di whole world go know sey God dey reign for Israel.
14 My enemies dey kom out for nite
like wiked dog wey dey waka about for street.
15 Dem dey find food to chop and even wen dem si chop,
di food nor dey rish dem.
16 But for mi, I go sing about yor pawa.
Evry morning, I go sing with joy about yor love wey nor dey fail,
bikos na Yu bi my guide;
di place where I dey hide wen trobol kom.
17 Na Yu dey give mi strent,
so I go sing praiz to Yu.
Na Yu dey guide mi;
di God wey show mi en love wey nor dey fail.

# 60

*Diliver Mi*

For Di Kwayamasta. Akordin to Shushan-edut style. David prayer to take tish odas. E rite am wen e dey fight with Aram Naharaim and Aram Zobah. Dat na wen Joab turn back kon kill 12,000 sojas from Edom for Salt Valley.

1 My God, Yu don rijet and skata awa defence, bikos Yu dey vex for us.
But naw, make Yu kom favor us again.
2 Yu shake di eart kon tear am into two.
So, make Yu join where divide, bikos di eart don dey fall.
3 Yu dey trit us with strong hand
kon make us drink wine wey dey katch us naw.

4 But Yu don give one banner to pipol wey dey fear Yu,
so dat dem go dey save wen enemies attack dem.
5 Naw, make Yu save yor pipol wey Yu love.
Make Yu ansa kon save us with yor pawa.
6 God don tok from en holy place sey,
"I go defeat di pipol kon divide Shekem land with joy,
den I go measure Sukkot Valley.
7 Na mi get Gilead and Manasseh!
Efraim wey I dey wear like helmet for head,
go produce strong sojas
and Judah wey I dey wear for body like war klot,
go produce kings.
8 But Moab wey I dey use as my wosh-hand basin,
go bi my savant and I go use Edom take klean my legs kon happy,
bikos I don win Filistia pipol."
9 So, who go take mi enter di strong town?
Who go fit help mi win Edom pipol?
10 My God, Yu don rijet us?
Yu nor go follow awa sojas go war again?
11 Abeg, make Yu help us fight awa enemies,
bikos human being help dey yuzles.
12 But with awa God help, wi go get viktory,
bikos E go help us mash awa enemies for groun
kon win dem.

# 61

*Prayer For Proteshon*

David Song For Di Kwayamasta

1 My God, make Yu hear as I dey kry!
Make Yu hear mi as I dey pray for help!
2 From di end of di eart, I kry kom meet Yu for help,
bikos trobol don make my heart heavy.
Karry mi go di high mountin,
where I go for dey save.
3 True-true, na Yu dey save mi;
my strong towa wey dey protet mi from my enemies.
4 Make Yu let mi stay yor temple forever,
den I go dey save under Yu.
5 Yu know wetin I promise
and Yu don give mi di reward
wey Yu dey give pipol wey dey obey Yu.
6 Mi wey bi king, make Yu give mi long life,
so dat I go si my shidren-shidren!
7 Make di king rule with God proteshon forever.
Make yor love wey nor dey fail and faithfulnes, keep di king.
8 Den, I go dey sing praiz yor name forever
kon dey do wetin I promise Yu.

# 62

*Bilive God For Proteshon*
David Song For Di Kwayamasta
1 I dey kwayet dey wait,
bikos na God dey diliver mi.
2 Na-im bi my Rock and Salvashon;
di place where I dey hide put and I nor go fear or shake.
3 How long una go dey treaten one man?
All of una dey kill pipol and una bi like wall wey don break
or fence wey get mark wey go soon fall.
4 Dem dey spend all dia time dey plan how dem go take finish mi.
Dem dey happy to lie about mi.
Dem dey praiz mi for my present,
but for dia heart, dem dey curse mi.
5 But my soul and body dey kwayet dey wait for God,
bikos na-im dey make my heart strong.
6 Na-im bi my Rock and Salvashon;
di place where I dey hide put and I nor go fear or shake.
7 My viktory and honor dey kom from God.
Na-im dey guide mi and na-im bi my Rock,
so nobody fit kom attack mi for der.
8 My pipol, make una always dey trust God,
bikos na en dey guide us.
9 Human being bi like ordinary dirty wey breeze dey blow
and pipol wey feel sey dem strong,
nor get pawa at-all.
If yu go measure dem for skale,
all of dem togeda nor heavy rish air.
10 So, make yu nor trust wetin yu get thru opreshon!
Nor put hope for wetin yu tif!
If yor money many, make yu nor too happy.
11 God don tok many times sey,
"All di pawa for heaven and eart, dey my hand
12 and my love nor dey fail."
True-true, God go pay evribody
akordin to wetin dem do.

# 63

*Na God I Wont*
David Song Wen E Dey Judah Wildaness
1 Oga, na Yu bi my God and e don tey wen I dey wait for Yu,
bikos my soul dey hongry for Yu.
My whole body dey hongry for Yu inside dis dry
and pash-pash land wey nor get wota.
2 I don si Yu for di temple
kon si yor mighty pawa and glory.
3 Yor love wey nor dey fail betta pass life;
so I go praiz Yu!
4 I go praiz Yu as long as I dey dis life
and I go raiz my hand kon pray give Yu.

5 Just as meat dey satisfy pesin
na so too Yu satisfy my soul.
So my mout go always dey praiz Yu
6 and for nite, I nor dey fit sleep,
bikos I dey tink about how Yu
7 help and save mi.
I dey sing for joy,
bikos I dey under yor shadow.
8 I hold Yu tait,
bikos na yor strong rite hand dey save mi.
9 But distroshon go follow doz wey dey plan to distroy mi.
Dem go die go where dead body dey.
10 Na swod go kill dem, den birds
and oda animals go chop dia body.
11 But di king go happy bikos of God love.
Evribody wey trust God go dey boast,
bikos pipol wey dey lie, go shut up forever.

# 64

*Prayer For Proteshon*

David Song For Di Kwayamasta

1 My God, make Yu listin to mi as I dey komplain!
Make Yu protet my life from all di wiked attack
wey di enemies dey plan.
2 Make Yu hide mi from wiked men plan;
di pipol wey dey do evil and bad tins.
3 Dem don sharp dia tongue like swod
kon ready to shot dia betta words wey bi like arrows.
4 From where wiked pipol hide put, dem dey shot innocent pipol
kon kwik-kwik attack dem and dis wiked pipol, nor dey fear.
5 Dem dey enkourage each oda to do wiked tins
and dey plan how to set trap for sekret
kon dey make mout sey,
"Nobody go ever know or si us!"
6 As dem dey plan dia evil, dem go sey,
"Na betta plan wi dey plan so o-o!"
True-true, nobody fit si wetin
dey inside human being heart or mind.
7 But God go shot dem;
na wons en arrows go wound dem and dem go fall.
8 Na dia own bad word go kill dem.
And anybody wey si dem, go shake en head kon sorry for dem.
9 Den evribody go dey fear
and dem go tok about di mighty and wonderful tins wey God don do.
10 Pipol wey dey fear God go happy,
bikos of God and dem go dey save inside am.
So make evribody wey dey do wetin dey rite,
praiz God.

# 65

*Praiz And Tanks*
David Song For Di Kwayamasta
1 My God wey dey Zion, na betta praiz dey wait Yu,
bikos yor pipol dey do wetin dem promise.
2 Bikos Yu hear and ansa awa prayers;
so evribody go kom meet Yu.
3 Awa sins too many, so Yu don forget us,
bikos wi nor dey hear word.
4 But blessing go follow di pesin
wey Yu choose to stay yor palis.
Make di good tins wey dey yor house,
yor holy place, beleful us.
5 Yu really ansa awa prayers
wen Yu show us how Yu take dey save and diliver us.
Di whole eart trust Yu;
plus pipol wey dey di oda side for di sea.
6 Yu kreate di mountins with yor strent
kon show as yor pawa strong rish.
7 Yu make di rof sea kwayet
kon silent di nashons wey dey kause trobol.
8 Even pipol wey dey far from awa land,
dey sopraiz for yor greatness
and Yu make doz wey dey stay for east and west, praiz Yu.
9 Yu visit di eart kon make rain fall put,
so dat e go dey good kon produce plenty food.
Yu make wota full di sea and di land dey bring betta food,
bikos Yu don kommand sey na so e go bi.
10 Yu dey wet di dry groun with rain,
so dat di soil go soft and seeds go grow well.
11 Yu crown di year with yor good blessing and even where hard pass,
still dey produce plenty food.
12 Di grass for wildaness dey fresh
and di hill dey shine with joy.
13 Na animals full di fields and na betta food full di valley.
Evritin dey sing and shaut for joy!

# 66

*Praiz And Tanksgivin Song*
Dis Song Na For Di Kwayamasta
1 Make di whole eart shaut with joy
as dem dey praiz God!
2 Make una sing about di glory wey en name dey bring!
Make una tell di world how en glory big rish.
3 Make una tell God, "Si as di tins wey Yu do dey great.
Yu skata yor enemies with yor strong pawa!
4 Evritin for eart go woship Yu;
dem go sing yor praiz kon dey shaut for glory
as dem dey koll yor name."
5 Make una kom si wetin God don do;

di wonderful mirakles wey E do among en pipol!
6 E turn di Red Sea to dry land
and en pipol kon dey happy
as dem dey waka pass di dry groun.
7 Na en great pawa E take dey rule forever.
E dey si evritin wey di nashons dey do;
so make wiked pipol nor dey karry body.
8 Make di whole world bless awa God!
Make dem shaut tell evribody about en praiz.
9 Awa life dey en hand
and E nor let us fall.
10 My God, Yu don test
and make us klean like silva.
11 Before-before, Yu katch us for yor net
kon make us sofa well-well.
12 Yu allow men rule us;
wi dey pass thru fire and wota, but naw,
Yu don bring us kom where dey save.
13 I go enter yor temple with sakrifice;
I go do di tins wey I promise Yu;
14 di vow wey I tok with my mout
and my lip wen I dey trobol.
15 I go give Yu fat animals
as burnt ofrin,
plus di smell from ram wey dem sakrifice.
I go give Yu melu and goats.
16 Kom! All of una wey dey loyal to God,
make una listin as I dey tok wetin E do for mi!
17 I kry to am make E help mi
kon praiz am with my tongue.
18 If I gada sin for my heart,
God nor go ansa or listin to mi.
19 But God dey hear
and listin to my prayers.
20 Na God get all di praiz, bikos E nor rijet my prayers
and E still dey show mi en love wey nor dey fail!

# 67

*Tanksgivin Song*
David Song For Di Kwayamasta
1 Make God show us en favor and bless us!
Make E always dey happy with us!
2 Den pipol wey dey for di world go know wetin Yu like;
all di nashons go know how Yu take diliver yor pipol.
3 My God, make evribody for dis world tank Yu!
Make all di nashon give Yu praiz!
4 Make strenjas happy well-well, bikos Yu dey judge pipol matter well
and na Yu dey rule di world.
5 My God, make evribody for dis world tank Yu!
Make all di nashon give Yu praiz!
6 All di seed wey dem plant dey grow well for di eart,

so make di Oga awa God, bless us!
7 Make E bless us,
den evritin for di eart go gi-am di honor wey bi en own.

# 68

*Viktory Song*

For Di Kwayamasta: David Song

1 Make God raiz-up!
Make all en enemies skata!
Make all di pipol wey hate am, run as dem si am.
2 As breeze dey blow smoke,
na so too Yu go drive dem go and as butter dey melt near fire,
na so too wiked pipol go die before God.
3 But pipol wey dey fear God go dey happy;
dem dey happy for God present and dia joy nor dey end.
4 So, make una sing to God!
Make una sing praiz en name!
Make una praiz di Pesin wey dey ride on-top kloud!
Na God bi en name!
Make una happy for en present!
5 Na en bi papa to di pipol wey nor get papa
and na en bi husband to wimen wey dia husband don die.
God dey rule from en holy place.
6 God dey find place put pipol wey don run komot from dia house bikos of war,
E dey free prisonas kon make dem prosper.
But pipol wey dey sin,
dey stay for desert forever.
7 So, my God, wen Yu lead yor pipol go war;
wen Yu mash pass di desert,
8 di eart dey shake.
Yes! Rain dey fall from heaven before di Oga wey bi Sinai God;
di Oga wey bi Israel pipol God.
9 My God, na Yu make rain dey fall for yor pipol land.
Wen yor pipol don taya, na Yu dey give dem pawa,
10 bikos Yu dey stay with dem.
My God, na yor blessing save doz wey dem dey opress.
11 God tok di word;
many wimen spread di good news sey:
12 “Kings and dia sojas dey run!”
So Israel wimen kon divide dia propaty.
13 Even pipol wey dey stay for animal house,
dey si doves wey get feadas
wey dem make with silva and gold wey dey shine.
14 Wen God wey get pawa skata kings,
dem dey melt like snow for Mount Zalmon!
15 Mount Bashan high well-well;
Bashan mountin get many top.
16 Yu mountin wey get many top, why yu dey jealous di mountin wey God won stay?

True-true, God go stay der forever.
17 Wen Oga God appear to en pipol for Mount Sinai,
E kom with angels and shariot wey nobody fit kount.
18 God klimb go where high well-well.
E don katch and put many pipol for prison.
Even men wey sin well-well dey praiz Yu.
True-true, di Oga awa God dey stay for der!
19 Na Oga God get all di praiz, bikos na evriday E dey karry awa wahala.
Na-im bi di God wey diliver us.
20 Awa Oga na God wey dey diliver;
di God wey get pawa and wey fit save us from deat.
21 True-true, God dey nak en enemies head;
E dey nak doz wey dey always do wiked tins.
22 God sey, "I go koll dem back from Bashan,
I go bring dem kom back from under di sea,
23 so dat una go waka on-top dia blood
and una dogs go chop una enemies dead body."
24 My God, dem dey si as Yu take dey waka;
true-true, my King wey dey mash kom with glory,
pipol dey si as E dey kom.
25 Pipol wey dey sing, dey waka for en front;
while di odas dey play dia instrument dey follow for back
and yong girls dey play dia sheke-sheke.
26 So, God pipol wey gada togeda,
make una praiz di Oga una God!
27 Benjamin tribe wey small pass, na dem dey front,
den Judah leaders with dia group
and di leaders for Zebulun and Naftali tribe, follow for back.
28 But God don kommand sey una go get pawa well-well.
So, my God wey help us wen wi nor even know, make Yu show yor pawa
29 as Yu kom out from yor temple for Jerusalem,
bikos kings dey kom give Yu respet for der.
30 Make Yu ponish dat wiked animal wey dey wota
and di nashons wey dey follow am,
until dem go honbol demsef kon offa gold and silva give Yu.
Make Yu skata doz pipol wey like war.
31 Egypt and Ethiopia pipol go dey ready to kom serve God on dia own;
nobody go force dem kom.
32 So, make all di kingdom for di world
sing praiz God!
Make una sing praiz dis God,
33 bikos na en bi di Pesin
wey dey di sky from one generashon go rish anoda!
Si! Na-im dey make dat loud tonda nois.
34 Make una tok about di pawa wey God get;
en mighty pawa wey dey save Israel
and di pawa wey E show from di sky!
35 God dey pawaful as E dey kom from en temple.
Israel God dey give pawa and strent to en pipol.
So make all praiz bi en own!

# 69

*Cry For Help*

David Song For Di Kwayamasta

1 My God, make Yu save mi,
bikos di wota don almost kover mi.
2 I dey sink enter mud;
di place wey di groun soft well-well.
I dey for deep wota and di wota dey karry mi go.
3 I don taya to dey shaut for help;
sore dey my trot naw and my eye don taya to dey look for my God.
4 Pipol wey just hate mi wen e bi sey I nor do dem anytin,
many pass di hair wey dey my head.
Doz my enemies wey won distroy mi without any rizin,
too plenty to kount.
Dem dey make mi pay for wetin I nor tif!
5 My God Yu know all di sins wey I kommit for sekret;
bikos my sins nor fit hide from Yu.
6 My God and king wey get pawa; nor let shame katch doz wey trust Yu!
Bikos of mi, nor let disgrace follow doz wey dey find Yu.
7 I don sofa well-well, bikos of Yu.
Na disgrace dem rite full my face
8 My own brodas dey trit mi like strenja;
dem dey do like sey I kom from anoda kountry.
9 True-true, di love wey I get for yor house dey shark mi;
so I dey bear di curse wey dem dey curse mi.
10 I dey kry and I nor gri chop food
and na dis make odas dey curse mi.
11 I wear sak klot and dem dey laf mi.
12 Doz wey dey sidan for di town gate dey tok about mi and pipol wey don drink,
dey sing and laf mi with dia song.
13 So my God, make Yu hear my prayers kon favor mi
and bikos of yor great love, make Yu ansa and diliver mi!
14 Make Yu save mi from di mud! Nor let mi sink!
Diliver mi from pipol wey hate mi and from di deep wota!
15 Abeg! Make Yu nor let di wota karry mi go!
Nor let di wota swallow mi!
Make Yu nor let mi die inside di pit!
16 My God, make Yu ansa mi,
bikos yor love wey nor dey fail,
dey good and bikos of how Yu dey sorry for pipol,
make Yu turn face mi!
17 Nor leave yor savant, bikos I dey trobol,
but make Yu ansa mi naw-naw!
18 Make Yu kom near and save mi!
Make Yu save mi from my enemies!
19 Yu know how dem dey curse, disgrace and do mi anyhow
and Yu dey si evritin wey my enemies dey do.
20 Dia curse dey pain and e dey make my heart kut;
I dey look for who go tell mi sorry, but I nor si.

I dey find who go konfort mi, but I still nor si anybody.
21 Dem dey put poizin for my food
kon give mi bad wine make I drink.
22 So, make dia food tabol bi trap for dem!
Make e bi trap for all doz dia friends!
23 Make dia eyes blind
and make dem dey shake with fear!
24 Make Yu pour yor judgement for dia head
and make yor strong vexnashon distroy dem!
25 Make dia house turn where pipol go dey trow dirty put
and make all dia pipol die finish,
26 bikos dem don curse di pesin wey bi yor own.
Wen Yu ponish pipol wey bi yor own,
na dis wiked pipol dey karry di matter go evriwhere.
27 So, make Yu hold dem,
bikos of all dia sins! Make Yu nor sorry for dem at-all!
28 Make Yu remove dia names from yor book wey get life!
Make Yu nor rite dia names join pipol wey dey fear God!
29 Dem dey opress and sofa mi! So my God,
make Yu diliver and protet mi!
30 I go sing and praiz God name!
I go dey praiz am as I dey tank am!
31 Dat one go sweet God pass ordinary melu
or oda animals wey get horn.
32 So make pipol wey dem dey opress, happy,
bikos God go enkourage doz wey dey obey am.
33 God dey listin to doz wey nor get help
and E nor go forget en pipol wey dem dey ponish.
34 So make di heavens and eart praiz am,
plus di sea and evritin wey dey swim inside am!
35 Bikos God go diliver Zion kon ribuild Judah town
and en pipol go stay der again kon take-ova Zion.
36 En savant shidren-shidren go inherit am
and pipol wey dey loyal to am go stay der.

# 70

*Prayer For Help*

David Song For Di Kwayamasta

1 My God, make Yu kwik kom save mi!
Hurry kom help mi!
2 Make shame and disgrace follow pipol
wey won kill mi!
3 Pipol wey dey laf dey sey, "Aha! Aha!"
Make Yu porshu dem go back kon disgrace dem!
4 All di pipol wey dey find Yu,
make dem dey happy with joy, bikos of Yu!
Pipol wey love to si sey Yu diliver dem, make dem always dey sey,
"Make all di praiz bi God own!"
5 Dem don opress mi and I nor get anytin! Abeg my God,
make Yu kwik kom save mi,

bikos na Yu bi my helpa and di Pesin wey dey diliver mi!
So make Yu kwik kom!

# 71

*Old Man Prayer*

1 My God, I don run kom meet Yu make Yu protet mi;
so nor let dem disgrace mi.
2 Make Yu kom take and save mi, bikos Yu dey do wetin dey rite.
Make Yu listin and diliver mi.
3 Make Yu bi my Savior and di Rock where I go always hide put.
Give kommand make dem save mi,
bikos Yu bi my rock and di place where I dey hide put.
4 My God, save mi from wiked pipol pawa
and from doz wey dey opress mi,
5 bikos na only Yu bi my hope and na from wen I bi small pikin,
I don dey trust Yu kom rish naw.
6 Yes! Yu don dey with mi since wen dem born mi
and Yu dey kare for mi from my mama belle.
No wonder I dey always praiz Yu!
7 My life na ezample to many pipol,
bikos na Yu bi my strent and proteshon.
8 Dat na why I nor fit stop to praiz Yu
and I go dey tok about yor glory evriday.
9 Naw, for my old age, make Yu nor rijet mi.
Make Yu nor leave mi wen I nor dey strong again.
10 My enemies dey gossip mi.
Dem dey plan how dem go take kill mi.
11 Dem dey sey, “God don rijet am.
So make wi go katch am, bikos nobody go help am again.”
12 So, my God, make Yu nor leave mi,
but make Yu hurry kom save mi.
13 Make Yu disgrace and distroy pipol wey dey akuiz mi.
Make disgrace and shame follow pipol wey won kill mi.
14 But for mi, I go always dey wait for yor help
and I go dey praiz Yu more and more.
15 I go tell evribody about yor raitiousness and evriday,
I go always dey tok about di pawa wey Yu take dey save,
even doh I nor really fit esplain how e bi.
16 My God wey get pawa,
I go praiz Yu bikos of all di great tins wey Yu don do.
I go tell evribody sey na only Yu dey do good.
17 My God, na from wen I bi small pikin,
Yu dey tish mi yor ways and I always dey tell pipol
about di wonderful tins wey Yu don do.
18 Naw wey I don old well-well, make Yu nor leave mi.
Make I tell dis new generashon
and all doz wey dey porshu mi about yor pawa.
19 My God, yor good judgement dey rish di heavens
and Yu don do many wonderful tins,
so na who bi like Yu?
20 Even doh Yu don make mi sofa well-well,

I know sey Yu go make mi happy again
kon take mi komot from di pit wey I dey.
21 I know sey Yu go karry mi put for where dem go for honor mi well,
so make Yu turn kon konfort mi.
22 Den I go praiz Yu with harp,
bikos Yu dey faithful to yor promise.
My God, I go use jita take sing
praiz Yu wey bi di Holy One for Israel.
23 I go shaut for joy kon sing with praiz,
bikos Yu don save mi
24 and till I die, I go always dey tell pipol about yor good works,
bikos evribody wey dey try to kill mi,
Yu don disgrace and make shame katch dem.

# 72

*Prayer For Di King*
David Prayer For Solomon
1 My God, I beg Yu! Make Yu give di king di sense to dey judge well!
Always allow di king pikin dey tok wetin dey korrect!
2 Den e go judge yor pipol
and doz wey dem dey opress, well.
3 Di mountin go karry peace news kom meet yor pipol
and di hills go tok about korrect judgement.
4 E go defend doz wey dem dey opress among di pipol,
diliver poor pipol shidren and distroy doz wey dey opress pipol.
5 As long as di sun and moon dey di sky,
pipol go always dey fear Yu from one generashon go rish anoda.
6 Wen di king dey rule, e go bi like wen rain fall
on-top grass wey dem kut;
e go bi like rain wey dey wota di groun.
7 All di pipol wey dey fear God go prosper as di king dey rule.
So make goodness follow dem,
as long as di moon dey shine for di sky.
8 Make di king rule from sea go rish sea
and from Eufrates River go rish di end for di eart.
9 Desert go bow before am;
en enemies go fall for groun for en front.
10 Tarshish kings for west
and di oda kings go kon pay respet to am.
Sheba kings for east and Seba go kon gi-am gifts.
11 All di kings go bow for am
and all di nashons go serve am.
12 Di King go save poor pipol wen dem kry kom meet am
kon help doz wey dem dey opress
and doz wey nor get who go fight for dem.
13 E go pity for doz wey dey weak
and poor kon save dem.
14 Bikos dia life dey important to am,
e go save dem from pipol wey dey opress and kause wahala for dem.
15 Di king go live forever!

Dem go dey gi-am gold from Sheba
and di pipol go always dey pray and bless am evriday.
16 Food go many for di land
and seeds go even dey grow well on-top mountins.
Make trees bear betta fruit like di trees for Lebanon
and make pipol for di land dey grow well
like betta grass for di field.
17 Make di king rule forever;
make en kingdom kontinue as long as di sun dey shine.
Make blessing dey all di nashons bikos of am,
so dat dem go praiz am.
18 Make una praiz di Oga wey bi Israel pipol God
bikos of di wonderful tins wey E do and na only en fit do dem.
19 Make una praiz en name wey get glory forever!
Make en glory dey di whole eart.
Amen!
20 David wey bi Jesse pikin,
na here en prayers for end.

# 73

*God Justice*

Asaf Song
1 True-true, God dey good to Israel pipol
and to doz wey dia heart dey pure.
2 But for mi, my heart almost fail mi
and my faith don nearly vanish,
3 bikos I dey jealous proud pipol wen I si dem dey prosper,
even doh dem wiked.
4 E bi like sey dem dey enjoy life
and dia body dey fresh and strong.
5 Dem nor dey face trobol like oda pipol
or si wahala like evry oda pesin.
6 Dem wear pride like shain for neck
kon wear yanga like belt for waist.
7 Dia money dey make dem do wiked tins
and na bad-bad tins dem dey always tink about.
8 Evritin wey dem dey do and tok,
na only about wiked tins and as dem dey proud,
evritin wey dem wont, na to kill oda pipol.
9 Dem dey boast like sey dem dey stay heaven
and dey bihave like sey na dem get di world,
10 so even God pipol dey bilive evritin
wey dis wiked pipol dey tok.
11 Dem dey ask, “How God won take know wetin wi dey do?
Di Most High even know wetin dey happen so o-o?”
12 Si dis wiked pipol dey enjoy life,
bikos dia money dey plenty.
13 So I konklude for my heart sey, “I just get klean heart for nor-tin!
I just dey innocent and nor dey do bad tins for no rizin!
14 Na only trobol I dey always get

and evry morning dey kause pain for mi.”
15 If to sey I don tok dis tins wey I dey tink,
I for don betray doz wey dey obey Yu.
16 So, even wen I try to undastand while wiked pipol dey prosper,
e dey konfuse mi di more!
17 Den I enter inside di temple go ask my God
and E show mi en plans for wiked pipol.
18 True-true, God put dem for di road wey dem go for fall
kon make di groun for di hill wey go distroy dem, draw dem fall.
19 Na wons God go take distroy
and trowey dem down with fear.
20 So my God, wen Yu raiz-up, Yu go laf dia yeye plan;
wey bi like dream wey dey vanish wen day break.
21 Yes, my heart dey bitter
and I dey feel pain for inside my body.
22 I bin dey do like fool wey sturbon.
I know sey for yor present,
I bin look like animal wey nor get sense.
23 Yet, I still bilong to Yu
and Yu hold my rite hand.
24 Yu dey guide and advise mi
as Yu dey lead mi enter where glory dey.
25 Na who I get for heaven escept Yu?
I wont Yu more dan anytin for dis eart.
26 My body fit fail and my spirit fit weak,
but na God dey make my heart strong;
na-im bi my own forever.
27 So doz wey nor dey fear am go die,
bikos E dey distroy doz wey turn from am.
28 But for mi, si as e good to dey near God!
I don make di God wey get pawa my guide
and I go tell evribody about di wonderful tins wey E don do.

# 74

*Prayer To Diliver*

Asaf Song
1 My God, wetin make Yu rijet us forever?
Wetin make Yu dey vex for yor own sheep wey dey yor field?
2 Make Yu remember sey na wi bi di pipol wey Yu choose since Yu kreate di world;
di tribe wey Yu take as yor own!
Make Yu still remember Jerusalem where Yu dey stay.
3 Make Yu waka round di town wey dem skata;
den Yu go si as di enemies distroy yor temple.
4 Na for der yor enemies dey shaut and sing sey, “Dem don win.”
Na der dem for stand dia war flag.
5 Dem dey use dia axe
like doz wey dey kut wood for bush.
6 Dem use axe and knife take skata evritin

wey dem karve
7 kon burn yor temple rish groun.
Yes, dem distroy di place wey dey ansa yor name.
8 Den dem kon dey boast dey sey,
"Make wi distroy evritin!"
So dem burn evriwhere wey wi for dey woship God.
9 Naw, wi nor dey si yor mirakles again.
All di profets don die and nobody fit tell us
wen dis wahala go end.
10 So God, na how long e go take
before Yu go stop awa enemies wey dey curse us?
Yu go let dem take yor name make yeye forever?
11 Wetin make Yu nor won use yor strong rite hand against dem?
Make Yu kom distroy dem finish.
12 But Yu God don bi my King since my grand-grand papa dem time
and Yu dey save us for dis world.
13 Yu divide di sea with yor pawa
kon kill di monsta wey dey der.
14 Yu skata di wota juju head
kon allow animals for desert chop am.
15 Just as Yu get pawa to make wota and sea flow,
na so too, Yu fit dry river wey nor suppose dry.
16 Na Yu get both day and nite;
na Yu still make di moon and di sun.
17 Yu measure where di eart go rish
kon make both dry and rainin sizin.
18 My God, si as di enemies dey curse Yu.
Pipol wey nor get sense nor dey respet yor name.
19 Make Yu nor let dis wiked animal distroy yor pipol.
Yor pipol wey dey sofa, make Yu nor forget dem forever.
20 Make Yu remember yor kovenant,
bikos na darkness and trobol full di land!
21 Make Yu nor let dem disgrace pipol wey dey sofa.
Instead, make Yu let poor pipol and doz wey dem dey opress,
praiz yor name.
22 My God, make Yu raiz-up kon fight for mi.
Make Yu remember as dis fools dey curse Yu evriday.
23 Make Yu nor forget evritin wey yor enemies tok
or how dem dey shaut anyhow.

# 75

*Na God Bi Judge*

Asaf Song For Di Kwayamasta
1 My God, wi tank Yu!
Wi dey tank Yu bikos Yu dey near us
and pipol for evriwhere dey tok
about di wonderful tins wey Yu dey do.
2 God sey, "Wen di time wey I choose don rish,
I go judge pipol.
3 Di eart go shake and evribody go fear,

bikos na mi make di foundashon.
4 I don warn proud pipol sey, 'Make dem stop to dey make mout!'
kon tell wiked pipol sey, 'Make una nor dey happy sey una don win!
5 Make una nor tink sey una don win di fight
or karry body up wen una dey tok.' "
6 Viktory nor dey kom from east or west
or from di wildaness,
7 bikos na God dey judge!
E dey bring one pesin down and karry anoda pesin up.
8 One cup wey full with wine wey dem mix with spice,
dey for God hand and E pour am for di world.
True-true, all di wiked pipol for di world
go drink from am till e finish.
9 But for mi, I go always dey tok about wetin Yu don do;
I go sing and praiz Jakob God!
10 God sey, "I go distroy wiked pipol with dia pawa
kon give viktory to pipol wey dey fear mi."

# 76

Asaf Song For Di Kwayamasta
1 God don show ensef to Judah pipol.
En name dey great among Israel pipol.
2 Na Jerusalem E dey stay
and na Mount Zion bi en house.
3 Na der E for break di enemies wiked arrow, dia guide,
swod and all di tins wey dem take dey fight.
4 En glory and majesty dey shine as E dey
kom from di mountin where E for kill en enemies.
5 Awa strong enemies don skata.
Dem don sleep kon die go like dat,
so nobody go fit fight us again.
6 My Oga wey bi Jakob God, wen Yu breath,
all yor enemies horse and shariot dey fall die.
7 No wonder dem dey fear Yu well-well!
Na who fit stand for yor front wen Yu dey vex?
8 Na from heaven Yu dey judge yor enemies;
di eart dey shake and dem dey kwayet for yor present.
9 My God, Yu dey judge di pipol wey dey do wiked tins
kon save doz wey dem dey opress for dis world.
10 True-true, di way Yu dey vex judge human being, go make dem praiz Yu.
Yu really dey show as Yu dey vex rish.
11 So, wen una vow give di Oga una God, make una keep una promise.
Make evribody bring gift kon give di Holy One!
12 E dey honbol prince and kings for dis eart,
dey fear am.

# 77

*Help For Trobol Time*

Asaf Song For Di kwayamasta

1 I shaut and kry to my God;
yes I shaut and E hear mi!
2 Wen I dey trobol, I look for God.
Thru-out di nite, I pray and lift my hand go heaven,
but nor-tin fit konfort my soul.
3 Wen ever I tink of God,
na kry I always dey kry make E kom help mi.
4 Yu nor dey let mi sleep
and I too dey weak to pray!
5 I bin dey tink of di good days before-before,
6 wen betta song with joy full my nite.
But naw, I dey look my life kon dey tink
and si how e dey difren.
7 So God don rijet mi forever?
E nor go ever show mi en love again?
8 En love wey nor dey fail don go forever?
E promise don fail finish?
9 God don forget to dey sorry for pesin?
E don klose di door to pipol wey dey kom meet am for help?
10 So I kon sey, "Na mi kause am!
Na mi let God turn en hand against mi"
11 But my Oga God, I remember evritin wey Yu don do.
I remember all di wonderful tins wey Yu do before.
12 Dem always dey my mind and I nor fit stop
to dey tink about di mighty tins wey Yu do.
13 My God, yor ways dey holy.
E get any god wey get pawa like Yu?
14 Na Yu bi God wey dey do great wonders!
Yu dey show yor great pawa among di nashons.
15 With yor hand,
Yu save yor pipol wey bi Jakob and Josef shidren-shidren.
16 My God, wen di Red Sea si Yu,
di wota kon dey fear and di sea shake rish bottom.
17 Rain fall kom down from di kloud and tonda nois full di sky,
den yor arrow with lite kon dey shine.
18 Dem hear yor vois like tonda from di strong wind,
di lite make di world dey shine
and di world kon dey shake with fear.
19 Yu waka on-top di sea go diliver yor pipol kon strol pass di great river,
but nobody fit si yor footstep bikos e nor show at-all.
20 Den Yu use Moses and Aaron take lead
and guide yor pipol like many sheep.

# 78

*God And En Pipol*

Asaf Song
1 My pipol, make una listin to wetin I dey tok.
Make una open una ear, so dat una go hear wetin I dey tell una,
2 bikos na parabol I go take tok to una.
I go tish una about some tins

wey don happen before;
3 story wey awa grand-grand papa
dem tell us.
4 Wi nor go hide dis trut from awa shidren;
wi go tell di next generashon about di good-good tins wey God do,
en pawa and di wonderful tins wey dey sopraiz us.
5 E give law to Jakob shidren kon tell en pipol Israel,
wetin dem go do.
E still kommand awa grand-grand papa
sey make dem tish di laws to dia shidren,
6 so dat di next generashon go know;
even di shidren wey dem neva born
and dis ones too go tish dia own shidren.
7 So evry generashon go get hope and trust God
and dem nor go forget en great mirakles,
but dem go obey en kommand.
8 Dem nor go bi like dia grand-grand papa wey sturbon;
pipol wey nor gri obey, listin or give dia heart to God.
9 Efraim sojas, even doh dem get bow and arrow,
wen war start, dem go run,
10 bikos dem nor gri keep God kovenant
or obey en kommandment.
11 Dem forget wetin E don do,
di great wonders wey E show dem,
12 di mirakles wey E do for dia grand-grand papa
for Zoan wey dey for Egypt.
13 For der, E divide di sea
kon take dem pass as di wota stand up like wall!
14 E dey lead dem with kloud for day
and pila wey get fire for nite.
15 E tear rock open
kon give dem wota drink for wildaness!
16 E make wota kom out from di rock
and e kon dey flow like river!
17 Yet dem still dey sin against am;
dey disobey di Most High for di desert.
18 Dem dey test God with sturbones for dia heart
kon dey tok di kind food wey dem won chop.
19 Dem even tok against God ensef wen dem sey,
"God nor fit give us food for di wildaness.
20 Yes! E fit nak rock make wota kom out,
but E nor fit give en pipol bread and meat."
21 Wen God hear dem, E vex well-well.
Di fire from en vexnashon kon dey against en pipol.
Yes! En vexnashon kon strong well-well,
22 bikos dem nor gri bilive God
or trust sey E go kare for dem.
23 But E kommand di sky make e open,
den E open di doors for heaven.
24 E send manna kom down so dat en pipol go si food chop;

E give dem bread from heaven.
25 Dem chop food wey angels dey chop
and God give dem enough to chop.
26 God release di east wind for heaven
kon guide di sout wind with en pawa.
27 E send meat like dust go give dem
kon still give dem birds wey plenty like san-san wey dey wotaside!
28 E make di birds dey fall
for evriwhere for dia kamp
and for dia house
29 and di pipol chop beleful.
E give dem wetin dem ask for.
30 But before dem even beleful,
as di meat still dey dia mout,
31 God kon dey vex for dem and E kill all dia strong-strong men.
E kill Israel yong men wey fine pass.
32 But even as all dis tins dey happen, di pipol still dey sin.
With all dis mirakles, dem nor gri trust am.
33 So E kon make dem die with disgrace
and dia years kon end with shame.
34 Wen God dey kill dem, dem kon dey beg make E sorry for dem.
Dem turn to God kon take am sirious.
35 Den dem remember sey na God bi dia rock;
sey na di Most High God save dem.
36 But dem dey lie give God
kon dey tok anyhow.
37 Dia heart nor dey loyal to God
and dem nor gri keep en kovenant.
38 Yet, God sorry for dem kon forgive dem dia sins and E nor distroy all of dem.
So, E nor dey too vex for dem or show en vexnashon,
39 bikos E remember sey na ordinary human being dem bi.
Dem go just die go like breeze wey nor dey kom back again.
40 Dem sin against am many times for di wildaness
kon make am vex for dat dry dirty land.
41 Dem always dey test and shalenge God.
Dem dey make di Holy One for Israel dey vex.
42 Dem nor remember en pawa
and how E save dem from dia enemies.
43 Dem nor remember all di mirakles wey E do for Egypt;
di wonders wey E do for Zoan field,
44 bikos E turn Egypt river to blood,
so dat nobody go fit drink di wota.
45 E send many fly kon attack dem
and many frog skata dia land.
46 E allow katapiller chop dia plants
and lokust chop all dia seed.
47 E distroy dia grape vine with big-big stones
kon skata dia sykamore-fig tree.
48 E kill and distroy dia animals with big-big stone

and strong tonda.
49 E show dem en great vexnashon and anga.
E send angels wey dey distroy tins go meet dem.
50 E turn en vexnashon face dem.
E nor sorry for Egypt pipol life,
but E use strong wahala take distroy dem.
51 E kill all di first sons for Egypt family;
all di first sons wey Egypt pipol born.
52 But E lead en own pipol kom out like many sheep
kon guide dem pass di wildaness.
53 E guide and keep dem as dem dey go;
but di sea kill dia enemies.
54 E bring dem kom di borda for en holy land;
di hill lands wey E don win for dem.
55 E porshu di nashons wey dey before dem
kon divide dia propaty give en pipol.
E make Israel pipol relax for dia house.
56 But Israel pipol still dey test and sin against di Most High God
and dem nor gri obey en laws.
57 Dem turn back and dem nor kon get faith like dia papa and mama.
Yu nor fit put hope on dem, bikos dem bi like bow wey don spoil.
58 Dem dey make God vex as dem dey build shrine for oda gods;
dem really make God jealous with dia juju.
59 Wen God hear dem,
E kon dey vex and E really rijet Israel pipol.
60 Den E leave en place for Shiloh,
di Tabanako where E bin dey stay with en pipol.
61 E allow enemies karry en Kovenant Box
kon give dem en glory.
62 E give en pipol to enemies make dem kill dem with swod,
bikos E dey vex well-well with di pipol wey E love well-well.
63 Na fire kill dia yong men
and dia yong wimen die even before dem sing dia wedding song.
64 Dem kill dia priests and wimen wey dia husband don die,
nor fit mourn for dem.
65 Den God raiz-up like sey E just dey wake from sleep;
like strong soja wey en eye just klear from drink.
66 E skata en enemies kon disgrace dem forever.
67 But E rijet Josef shidren-shidren
and E nor gri support Efraim tribe again.
68 Instead, E choose Judah tribe and Mount Zion wey E love.
69 E build temple wey high like heaven
kon strong like di eart, den E put am for der.
70 E choose David en savant,
wen E koll am from where e for dey kare for sheep.
71 E take David from where e for dey kare for animals
kon make am leader among Jakob shidren-shidren,
wey bi Israel God own.
72 E kare for dem with betta mind
kon save dem with en strong hand.

# 79

*Prayer For Di Nashon*

Asaf Song

1 My God, strenjas don take di land wey Yu choose as yor own.
Dem don spoil yor holy temple kon turn Jerusalem
to where dem dey pour dirty put.
2 Dem don kill yor savants kon leave dia body for groun make bird chop dem.
Doz wey dey fear Yu, dia flesh don turn food for wild animals.
3 Blood dey flow like wota for evriwhere for Jerusalem
and nobody remain wey go beri doz wey dem kill.
4 Awa neighbours dey laf us; pipol wey dey around us,
dey take us make yeye.
5 My God, na how long Yu go dey vex with us?
Na forever? Na how long yor vexnashon go dey burn like fire?
6 Make Yu pour yor vexnashon for di nashons wey nor dey respet Yu;
di kingdoms wey nor dey koll yor name,
7 bikos dem don finish yor pipol Israel
kon turn di land to dirty and empty wildaness.
8 Make Yu nor kount awa grand-grand papa dem sin against us
and bikos Yu dey sorry for pipol,
make Yu kwik-kwik kom ansa us,
bikos e remain small make wi die finish.
9 My God wey dey save us, make Yu kom help us!
Make Yu forgive us, bikos of di glory wey dey yor name.
10 Wetin make Yu allow wiked pipol even get mout to ask sey,
"Where dia God dey?" Make Yu revensh dis pipol,
bikos dem don kill yor savants finish.
11 Make Yu listin to di prisonas kry.
Make Yu show yor great pawa
kon save doz wey pipol sey dem must die.
12 My God, make Yu pay awa neighbours seven times for di mout
wey dem don take boast for Yu.
13 Den, wi yor pipol, di sheep for yor field, go tank Yu forever
kon dey praiz yor name from one generashon go rish anoda.

# 80

*Prayer For Di Nashon*

Asaf Song For Di Kwayamasta

1 Di Shepad for Israel, make Yu listin to us.
Yu wey dey kare for Josef shidren-shidren,
just as shepad dey kare for en sheep.
My God wey high pass di angels,
make Yu show yor glory wey dey shine
2 to Efraim, Benjamin and Manasseh pipol.
Make Yu show yor mighty pawa,
den kom save us!
3 My God, make Yu bring us back to yorsef again.
Make yor face shine upon us again
and na only den wi go get rest of mind.

4 My Oga wey bi God for Heaven Sojas,
na how long Yu go dey vex for awa prayers?
5 Yu don make us dey chop sorrow like food
kon drink tears wey full bucket.
6 Yu don give oda pipol rizin to dey laf us and naw,
awa enemies don take us dey do yeye.
7 My Oga wey bi God for Heaven Sojas,
make Yu bring us back to yorsef again.
Make yor face shine upon us again
and na only den wi go get rest of mind.
8 Yu take us from Egypt like grape fruit,
den Yu porshu di wiked nashons kon give us dia land.
9 Yu klear di groun for us and wi stay der
kon many for di land.
10 Awa shadow dey kover di mountins;
awa branches dey kover di mighty cedars.
11 Before-before,
wi spread go west for Mediterranean Sea and Eufrates River.
12 But naw, wetin make Yu break awa walls
so dat evribody wey dey pass go fit tif awa fruit?
13 Even wild animals from bush
dey kom chop dem too.
14 Awa God, di Warrior wey nobody dey si,
wi dey beg make Yu kom back.
Make Yu from heaven look
kon si di wahala wey wi dey face.
Make Yu kare for dis grape tree
15 wey Yu plant by yorsef;
bikos na Yu raiz dis pikin up by yorsef.
16 Make awa enemies nor chop
and burn us finish.
Make dem die,
bikos Yu nor dey happy with dem.
17 Make Yu support di ones wey Yu choose;
di ones wey Yu raiz for yorsef!
18 Den wi nor go turn from Yu.
Make Yu bring us back and wi go pray to Yu!
19 Awa God, di warrior wey nobody dey si, make Yu give us life again!
Make Yu just smile for us and wi go dey save!

# 81

*Feast Song*
Asaf Song For Di Kwayamasta
1 Make wi sing praiz God wey bi awa strent.
Make wi sing praiz Jakob God.
2 Make una sing and play sheke-sheke.
Make una use jita and harp play sweet music.
3 Make una blow ram horn
wons new moon or full moon festival start!
4 Bikos dis na wetin dem rite for Israel law

and na wetin Jakob God kommand.
5 E make dis law for Israel pipol wen E attack Egypt land just to free us.
Den I hear one vois wey I nor know dey sey,
6 “Si, I don take di load komot from una shoulder;
I don free una from di heavy work wey una dey do.
7 Una kry to mi for help wen una dey trobol and I save una;
I ansa with strong tonda
kon test una faith wen wota nor dey to drink for Meribah.
8 My pipol make una listin to mi as I dey warn una!
Israel pipol, make una obey mi!
9 Una must nor serve anoda god;
una must nor bow before any oda god.
10 Bikos na mi wey bi una Oga God, save una from Egypt land.
Make una open una mout wide and I go pak good tins full am.
11 But my pipol nor gri listin.
Israel pipol nor wont make I dey with dem.
12 So I let dem do di tins wey dey hongry dem to do
kon live dia life di way dem wont am.
13 How I wish my pipol go gri listin to mi!
How I wish sey Israel pipol go follow mi kon do as I tell dem!
14 Den I for fit kwik distroy dia enemies!
My hand for kwik tosh doz wey dey worry dem!
15 Make pipol wey hate God, fear as dem si am;
make disgrace follow dem forever.
16 But I go give Israel pipol betta food chop;
I go make una beleful with betta honey
wey dey flow kom out from di rock.”

# 82

*Na God Dey Judge*

Asaf Song

1 God stand for where en pipol gada put
and E from der dey judge di oda gods
2 sey, “Na how long una go dey judge like dis
kon dey favor wiked pipol?
3 Poor pipol and doz wey nor get papa, make una judge dia kase well!
Make una free poor pipol and doz wey dem dey opress.
4 Poor pipol and doz wey nor get help,
make una save dem from wiked pipol!
5 But doz wey dey opress oda pipol,
nor know anytin at-all.
Dem bi fools! Dem dey waka anyhow for darkness,
while all di foundashon for di eart dey skata.
6 I bin sey, ‘Una bi gods;
bikos una bi di Most High God shidren.’
7 But naw, una go die like ordinary human being
kon fall like evry oda leader.”
8 So my God, make Yu raiz-up kon judge di world,
bikos na Yu get all di nashons.

# 83

*Prayer To Win Israel Enemies*

Asaf Song

1 My God, make Yu nor kwayet just like dat!
Make Yu nor rijet us!
Nor just do like sey e nor koncern Yu!
2 Yu nor si di nois wey yor enemies dey make?
Yu nor dey si sey yor sturbon enemies dey make mout anyhow?
3 Dem dey plan against yor pipol
and dem won wound di ones wey Yu love.
4 Dem dey sey, "Make una kom make wi kill evribody for Israel finish
and nobody go remember dem again."
5 All of dem gada togeda
and dem dey plan against Yu.
6 Dem wey gada so na:
Edom and Ishmael pipol,
Moab and Hagrit pipol;
7 Gebal, Ammon and Amalek pipol
with doz from Filistia and Tyre.
8 Assyria pipol don join dem
too with Lot shidren-shidren.
9 So, make Yu do dem wetin Yu do Midian pipol and just as Yu do Sisera
and Jabin for Kishon River,
na so too Yu go do dem.
10 Dem die for Endor and dia body
kon make di grass grow well.
11 Make di mighty ones among dem die like Oreb and Zeeb.
Make all di prince die like Zebah and Zalmunna
12 wey bin sey,
"Make wi take dis land
wey bi God own!"
13 My God, make Yu skata dem like leaf
and san-san wey breeze dey blow!
14 As fire dey burn forest
and smoke dey make mountin burn,
15 na so too Yu go take porshu dem
with yor strong tonda
kon make dem fear.
16 My God, make Yu disgrace dem finish
until dem bigin praiz yor name.
17 Make shame and fear follow dem forever
and make dem die with disgrace.
18 Den dem go know sey na only Yu bi God,
di Pesin wey get pawa pass for di whole world.

# 84

*God House*

Korah Shidren Song For Di Kwayamasta

1 My Oga God wey dey rule ova evritin,
make Yu si as di place where Yu dey stay, fine rish!

2 I really love to dey di kourt wey dey God temple.
My heart and my whole body dey shaut for joy,
bikos of God wey dey alive.
3 Even birds get house for der and sparo bird still build dia nest
for where dem go fit protet dia shidren near yor altar.
My Oga wey dey rule ova evritin,
my king and my God.
4 Pipol wey dey stay and always praiz God for en temple,
make una si as dia blessing big rish!
5 Pipol wey get pawa thru Yu, si as dia blessing big rish too.
Dem like to always go yor temple!
6 As dem dey pass thru Baka Valley, Yu dey provide wota for dem,
bikos Yu make rain fall full der.
7 Yu dey provide for dem as dem dey travel go di temple
and each of dem dey kom meet Yu for Zion.
8 My Oga! Di God wey get pawa!
Make Yu hear my prayers!
Jakob God, make Yu listin to mi!
9 My God, make Yu favor di king wey dey guide us!
Make Yu favor di one wey Yu anoint.
10 Only one day for yor house betta pass one tazon years for anoda place!
E betta make I bi gateman for God house
dan to dey enjoy life for wiked pipol house.
11 Oga God na awa sun and naim dey protet us.
God dey give us grace and glory
and E go always dey good to doz wey dey do good.
12 My Oga wey bi God for Heaven Sojas,
make Yu si di blessing wey dey follow doz wey trust Yu.

# 85

*Prayer For Di Nashon*

Korah Shidren Song For Di Kwayamasta

1 My God, Yu don pour blessing and favor put for yor land
and give Israel en glory back.
2 Yu forgive yor pipol dia sins.
Yes! Yu kover all dia sins.
3 Yu nor dey vex for dem again
and Yu nor show dem yor vexnashon.
4 My God wey dey diliver us, make Yu save us again!
Make Yu nor dey vex for us!
5 Abi Yu go dey vex for us forever?
Yu go just dey vex even for awa shidren-shidren?
6 Yu nor go revive us again
so dat yor pipol go happy bikos of Yu?
7 My God, make Yu show us yor loyal love!
Pour yor salvashon for awa head!
8 I go listin to wetin Oga God tok,
bikos E go make peace with en pipol;
doz wey dey obey am,
so-far dem nor go-go back to dia wiked and yeye ways.

9 True-true, time dey kom wen pipol wey dey follow am well,
go si en salvashon; den en glory go appear for di land again.
10 Love wey nor dey fail and trut, don join togeda.
Raitiousness and peace don kiss each oda.
11 Trut dey kom out from di world and raitiousness dey smile
kom down from heaven.
12 Yes, God dey pour en blessings kom down,
so awa land go produce betta-betta food again.
13 Raitiousness dey go for God front
go prepare di way wey E go pass.

# 86

*Prayer For Help*

David Prayer

1 My God, make Yu hear my prayer;
make Yu ansa and help mi, bikos pipol dey opress mi.
2 Make Yu protet and save mi,
bikos na only Yu I dey serve and trust and na Yu bi my God.
3 Make Yu sorry for mi, my Oga God,
bikos I dey always koll yor name.
4 My God, make Yu make mi happy,
bikos I don give mysef to Yu.
5 Yu dey good and ready to forgive awa sins
and pipol wey kom meet Yu for help,
Yu dey show dem yor love wey nor dey fail.
6 So my God, make Yu listin well-well to my prayers;
make Yu kwik-kwik hear mi as I dey kry for help.
7 I go koll Yu wen ever I dey trobol and Yu go ansa mi.
8 My God, no oda god bi like Yu.
No one fit do wetin Yu dey do!
9 Oga God, all di nashons wey Yu make,
go kom bow down for Yu
and dem go praiz yor holy name,
10 bikos Yu big well-well
and dey do wonderful tins.
Na only Yu bi God,
11 so make Yu tish mi yor ways, so dat I go live my life as Yu wont am!
Make Yu give mi pure heart, so dat I go always dey honor Yu.
12 My Oga and God, I go praiz Yu with all my heart,
I go give glory to yor name forever,
13 bikos di love wey Yu get for mi,
big well-well and Yu don save mi from deat.
14 My God, wiked pipol dey raiz against mi; sturbon pipol dey won kill mi.
Yu nor mean anytin to dem!
15 But Yu, my Oga, Yu bi God wey dey sorry and pity for pipol;
Yu nor dey kwik vex and Yu dey show yor faithfulnes
and great love wey nor dey fail.
16 Make Yu turn face mi kon sorry for mi!
Make Yu give yor pawa to yor savant,
den diliver pipol wey dey obey Yu.

17 Make Yu show mi sign sey Yu go favor mi.
Den shame go katch di pipol wey hate mi,
bikos Yu wey bi my God,
don help and konfort mi.

# 87

*Jerusalem Song*
Korah Shidren Song
1 Di town wey God build by ensef,
dey for di holy mountin.
2 God love Jerusalem
pass any oda town for Israel.
3 Si as pipol dey tok good tins about yu Jerusalem
wey bi God town!
4 I go kount Egypt and Babilon
join di towns wey know mi.
I go still kount Filistia and Tyre
plus Ethiopia town join dem.
All of dem dey sey
dem born dem for Jerusalem!
5 But for Jerusalem real pipol, odas go sey,
"Una dey enjoy o-o, bikos una bi Jerusalem pipol."
And di Most High God go bless di town by ensef.
6 Wen God dey kount and rite en pipol name for en book, E go sey,
"Dem born dis ones sef for Jerusalem."
7 So di pipol go blow trumpet kon sing sey,
"Na Jerusalem bi di hope wey wi get!"

# 88

*Cry For help*
Korah Shidren Song For Di Kwayamasta
1 My Oga God wey dey save mi.
For day time, I dey kry give Yu
and I still dey pray to Yu for nite.
2 Abeg, make Yu hear my prayer;
make Yu listin to mi as I dey kry,
3 bikos na so-so trobol full my life
and deat don near mi well-well.
4 I don already bi like pesin wey don die;
like strong man wey nor get pawa again.
5 I bi like who dey among dead body and I sleep like sey I dey grave.
Yu don forget mi and Yu nor kare for mi again.
6 Yu don trow mi enter deep pit
kon keep mi for di place wey dark well-well.
7 Yor vexnashon dey press mi
and yor waves don kover mi.
8 Yu don porshu my friends kon fool mi for dia front and naw,
I dey for trap wey I nor go fit run komot.
9 My own tears don blind my eyes.
My God, evriday I dey beg make Yu kom help mi;

I lift my hand to Yu make Yu sorry for mi.
10 All di wonderful tins wey Yu dey do
nor mean anytin to pipol wey don die.
Abi dead body go fit raiz-up kon praiz Yu?
11 Pipol wey dey grave go fit tok about yor love wey nor dey fail?
For where dem dey naw, dem go fit tok about how Yu good rish?
12 Darkness go fit tok about di wonderful tins wey Yu do?
Dead body go fit tok about di good-good tins wey Yu dey do?
13 My God, I dey kry give Yu
and I go kontinue to beg Yu evriday by day.
14 So, my God, wetin make Yu rijet mi?
Wetin make Yu turn yor face from mi?
15 Na since wen I dey small Yu allow pipol dey opress mi
and I don nearly die.
Yu don ponish mi well-well and naw,
na pains full my life.
16 Di way Yu dey vex, dey make mi sopraiz.
Yes! Yor vexnashon don distroy mi finish.
17 Evriday, pipol gada round mi like wota
kon join togeda dey opress mi.
18 Yu don allow pipol wey I love and doz wey love mi,
dey run from mi.
So, na darkness bi my best friend naw.

# 89

*Song To God*
Etan Song
1 I go always dey sing about God love wey nor dey fail!
Both yong and old pipol go hear about how God good rish.
2 Yor love wey nor dey fail go last forever.
Yor goodness dey forever like di heavens.
3 God sey, "I don make kovenant with David, my savant wey I choose.
I don promise am sey:
4 'I go make en shidren-shidren king forever;
dem go sidan for di throne from naw
go rish wen di world go end.' "
5 So my God, heavens go praiz di great and wonderful tins wey Yu don do
and angels go praiz Yu bikos of how Yu dey good.
6 My God, na who pipol won take kompare Yu for all di heavens?
E get any angel wey bi like God?
7 Even angels dey honor am wen dem gada togeda
and E great pass evribody wey dey round en throne.
8 My Oga God wey dey rule evriwhere!
Nobody dey strong like Yu, bikos Yu always dey do good.
9 Na Yu dey rule di sea
and kontrol dia waves.
10 Yu distroy and kill Rahab
and Yu skata all yor enemies with yor mighty hand.
11 Na Yu get di heavens and di eart;
evritin wey dey di eart na yor own, bikos na Yu kreate all of dem.

12 Na Yu kreate di nort and sout.
Mount Tabor and Mount Hermon dey praiz yor name.
13 Pawa dey yor hand; yor hand strong well-well!
Wons Yu raiz yor rite hand wey get pawa, Yu dey always dey win.
14 Na raitiousness and justice Yu take make di foundashon for yor throne.
Yu dey rule with trut and love wey nor dey fail.
15 Pipol wey dey woship Yu, dey always dey happy;
dem go waka for di lite wey dey yor present,
bikos Yu don favor dem.
16 Dem dey happy evriday
bikos of di wonderful tins wey Yu dey do
and yor raitiousness dey save dem.
17 Na Yu bi dia strent and glory and e dey sweet Yu to make us strong
and bikos Yu favor us, wi dey always win.
18 Yes! Awa proteshon dey kom from God
and na en wey bi di Holy One for Israel, bi awa king.
19 Before-before, Yu tok thru vishon to pipol wey dey obey Yu.
Yu sey, "I don choose sojas
and I don selet one yong man from di pipol as king.
20 I don si my savant David
and I don anoint am with my holy oil.
21 I go support am with my hand and with my hand wey get pawa,
I go make am strong.
22 En enemies nor go fit win am and wiked pipol pawa
nor go fit opress am.
23 I go distroy pipol wey dey tok against am
kon kill doz wey hate am.
24 My goodness and love wey nor dey fail,
go dey with am and with my authority, e go grow with pawa.
25 I go make am rule many kingdoms
and en pawa go strong well-well.
26 Den e go koll mi kon sey,
'Yu bi my Papa, my God and di Rock wey dey save mi.'
27 I go make am my first-born and bikos I choose am as king,
na-im pipol go praiz pass for di whole world.
28 I go love and dey kind to am forever and my kovenant with am,
nor go ever end.
29 I go gi-am one son wey go take-ova from am and just as di days for
heaven nor dey end, na so too en kingdom nor go ever end.
30 But if en shidren-shidren nor gri listin to my kommand
and disobey my laws;
31 if dem nor gri follow my ways
or do wetin I tok,
32 I go ponish dem with rod kon flog dem with kane,
bikos of dia sturbones and sins.
33 But I nor go stop to love am
or forget di promise wey I make with am.
34 No! I nor go break my promise;
I nor go take back one singol word wey I tok.
35 Yes! I don promise David and bikos I dey holy,

I nor go fit lie:
36 en shidren-shidren go bi king forever
and en kingdom go dey forever like di sun.
37 E go dey forever like di moon
and di sky go bi witness to show how I really dey faithful!”
38 But naw, God, Yu don rijet and porshu David shidren-shidren.
Yu dey vex with di king wey Yu anoint.
39 Yu don forget di kovenant wey Yu make with am
kon trow en crown for dust.
40 Yu don break di wall wey dey guide am
kon distroy evritin wey dey protet am.
41 Anybody wey dey pass,
dey tif from am and en neighbours don take am dey do yeye.
42 Yu don give en enemies pawa
kon make dem dey happy.
43 Yu make sure sey en swod nor mean anytin
and Yu nor gri help am for war again.
44 Yu don end en glory
kon trowey and skata en throne.
45 Yu don make am old before en time
kon disgrace am for publik.
46 So, my God, na how long dis tins go happen?
Yu go hide yor face forever, abi Yu go just dey vex like dat?
47 Make Yu remember how my life short rish
and how human being life empty and nor mean anytin!
48 Evribody go die, bikos nobody fit stay forever
and nobody go fit run from grave pawa.
49 So my God, where all di good tins wey Yu bin do for us;
di ones wey Yu do just as Yu promise David?
50 Make Yu konsida how dem dey disgrace yor savant
and how I go must bear all di curse wey pipol dey curse mi.
51 Yor enemies dey laf and fool mi.
Anywhere wey di king wey Yu anoint go,
na so-so laf dem dey laf am.
52 But with all dis tins wey dey happen,
na God wi go praiz forever and ever! Amen and Amen!

# 90

*God And Man*

Moses Prayer

1 My Oga God, from generashon to generashon
na Yu dey protet us!
2 Yu bi God wey nor dey die!
Even before Yu kreate di mountins and di whole world, Yu don dey.
3 Yu make human being go back to san where Yu from kreate dem wen Yu sey,
“Make una go back to where I for kreate una!”
4 To Yu, one tazon years bi like one day
or like some hours for nite.
5 Yu dey swip pipol trowey like dream wey dey vanish.

Dem bi like grass wey grow for morning.
6 For morning, dem dey grow and shine,
but for evening, dem go dry kon die.
7 Yes, yor vexnashon dey kill us
and Yu dey make us fear as Yu dey vex.
8 Yu know all di sins wey wi kommit;
even di sins wey wi hide do, Yu dey si all of dem.
9 Yes! As wi dey alive,
wi dey si as Yu dey vex and awa years dey kwik-kwik end.
10 Na seventy years Yu give us!
Some pipol even dey rish eight years.
Even di estra years wey human being dey live,
na pain and trobol full am;
but di years go soon disappear and wi go fly go.
11 So na who go fit know as Yu dey vex rish?
Yor vexnashon strong well-well and e dey make us fear Yu.
12 So make Yu tish us, so dat wi go know sey wi bi ordinary human being,
den awa wisdom go dey grow more-more.
13 My God, make Yu kom back to us!
Na how long wi go dey sofa like dis?
Make Yu kom sorry for yor savants!
14 Make Yu satisfy us evry morning with yor love wey nor dey fail,
so dat till wi die, wi go always dey sing with joy.
15 Make Yu replace awa former sofa with happiness
and awa bad years with good tins!
16 Make Yu let wi yor savants si yor works again
kon allow awa shidren si yor glory.
17 Make di Oga awa God show us en favor,
den evritin wey wi dey do, go prosper.
Yes! Make Yu allow evritin wey wi dey do, prosper!

# 91

*Na God Dey Protet*

1 Pipol wey dey stay where di Most High God dey,
go dey save under en shadow.
2 So dis na wetin I tok about God:
“Na only en bi di place where I dey hide put,
where wiked pipol nor go for fit tosh mi;
na-im bi my God and I trust am well-well.”
3 Bikos E go save yu from evry trap
kon protet yu from doz diziz wey dey kill pesin.
4 E go kover yu with en feada and na der yu go dey save.
Na en promise wey nor dey fail, dey guide and protet us.
5 So, make una nor fear di wahala
for nite or di arrow wey dey fly for day time.
6 Make una nor fear diziz wey dey kom for darkness
or trobol wey dey kom for aftanoon.
7 Aldo one tazon pipol go fall for una side
and ten tazon dey die around una,
but di enemies and dia evil nor go fit tosh una.

8 Una go si am with una own eyes!
Yes, una go si as God dey ponish wiked pipol.
9 If una make God di place where una dey hide put;
if una make di Most High God where una dey stay,
10 no evil go fit tosh una and no wahala
or diziz go kom near where una dey.
11 Bikos E go kommand en angels
make dem protet una for evritin wey una dey do.
12 Dem go use dia hand karry una up,
so dat una nor go even kick or fall on-top stone.
13 Una go mash lions and kobra pass;
una go mash wiked lions and snakes go dey under una leg!
14 God sey, "I go save pipol wey love mi.
I go protet doz wey trust my name.
15 Wen dem koll mi, I go ansa dem;
I go dey with dem wen dem dey trobol.
I go save and make pipol honor dem.
16 I go bless dem with long life
and give dem my salvashon."

# 92

*Praiz Song*

Sabat Day Song

1 E dey good to tank God.
Yes! Awa belle dey sweet us
wen ever wi dey sing and praiz di Most High God.
2 For morning, e dey good
to tok about yor love
wey nor dey fail
and for evening,
wi go sing of yor faithfulnes,
3 with harp wey get ten rope and jita.
4 My God, Yu dey make mi happy
bikos of evritin wey Yu do
and I go sing praiz Yu,
bikos Yu dey good to mi.
5 Wi dey si di great work wey Yu do!
Di tins wey Yu dey tink, deep well-well.
6 Who nor get sense nor go fit know wetin Yu dey do
and na only fools nor go undastand sey:
7 "Wiked pipol dey grow like grass and doz wey dey do evil dey prosper,
but God go distroy dem forever."
8 But Yu, my Oga God,
dem go praiz Yu forever.
9 Yor enemies go die trowey and all di pipol wey dey do evil,
go skata.
10 But Yu don make mi strong like melu wey dey bush and use oil wey fine pass,
take anoint mi.
11 My eyes don si my enemies dey fall

and my ear don hear as God win doz wiked pipol.
12 But doz wey dey fear God, go prosper like bambo tree
and dem go strong as dem dey grow like cedar tree for Lebanon.
13 Bikos God don plant dem for en house,
dem go grow well.
14 Dem go still dey produce fruit for old age!
Dem go dey strong and fresh well-well.
15 Dem go sey, "God dey judge well!
Na-im bi awa Rock and E nor dey do bad tin!"

# 93

*Na God Bi King*

1 God na king and en glory wey dey shine well-well,
kover evriwhere.
True-true, God don kover ensef with glory, strent and pawa.
Di world stand gidigba
and nor-tin fit shake am.
2 My God, yor throne don dey even before Yu kreate di world.
Yu yorsef, don dey forever and ever.
3 My Oga God, even doh rivers dey full
and make nois like tonda as dem dey go up-and-down,
4 Yu wey dey up, strong pass di waves and river wey dey rush with speed.
God get pawa pass all dis tins!
5 My God! Nobody fit shange yor laws!
Yor kingdom dey holy and Yu go rule forever and ever.

# 94

*Na God Dey Judge Evribody*

1 My Oga wey dey fight for pipol.
Di God wey dey take revensh, make Yu show us yor glory!
2 Raiz-up make Yu judge di pipol for di world
kon give proud pipol wetin dem deserve.
3 My God, na wen Yu won take judge wiked pipol?
Na how long wiked pipol go dey celebrate?
4 How long dem go dey tok anyhow?
Na how long dis wiked pipol go dey make mout?
5 Oga God, dem dey kill yor pipol
and wound doz wey Yu koll yor own.
6 Dem dey kill wimen wey dia husband don die,
strenjas and shidren wey nor get papa and mama again.
7 Dem sey, "God nor dey si us! Israel God
nor even kare about wetin dey happen."
8 But una wey bi fool, make una tink again!
Wen una go really get sense to undastand?
9 Una tink sey di Pesin wey make una ear nor dey hear word?
Abi di Pesin wey make una eye nor dey si?
10 If E fit ponish wiked nashons,
una tink sey E nor go ponish una?
E know evritin, so make una nor tink
sey E nor know wetin una dey do.

11 God know wetin pipol dey tink;
E know sey wetin human being dey tink, dey yuzles!
12 So Oga God, make di pipol wey Yu dey ponish, happy.
Doz wey Yu dey tish yor ways.
13 Yu dey free dem from trobol
and dem go dig pit wey go katch dia enemies.
14 God nor go rijet en pipol;
E nor go leave di pipol wey E love well-well.
15 God good judgement go kom again and doz wey get betta
and klean heart, go dey save.
16 Naw, who go protet mi from wiked pipol?
Who go help mi fight doz wey dey do evil?
17 If to sey God nor kom help mi, I for don die and pipol for don forget mi.
18 But I shaut kon kry sey,
"I dey fall" so Oga God wey en love nor dey fail,
kom support mi.
19 Wen I dey fear sey evritin don finish for mi, Yu kon konfort,
give mi new hope and make mi trust Yu.
20 Wiked leaders go fit sey God dey dia side?
Leaders wey dey use di laws take opress pipol!
21 Dem dey plan against di pesin wey dey do wetin dey rite
kon kondemn and kill innocent pipol.
22 But na God bi di place where I hide put;
na my God mi di mighty rock wey dey hide mi.
23 So God go pay evil and wiked pipol back, E go distroy dem, bikos of dia sins.
True-true, di Oga awa God go distroy dem.

# 95

*Praiz And Woship Song*

1 Kom make wi sing praiz God!
Make wi shaut praiz di Rock wey dey save us.
2 As wi dey kom meet am, make wi sing songs take tank am.
Make wi sing psalms take praiz am.
3 Di Oga na great God!
Na great King wey pass evry oda god.
4 Under di eart dey en hand
and na-im get di mountins too.
5 Na-im get di sea,
bikos na-im make am and na en hand E take make di dry land too.
6 Kom! Make wi go woship
and bow to am.
Make wi knee down
before God wey make us,
7 bikos na-im bi God.
Wi bi en pipol and E dey wosh ova us,
bikos na wi E dey kare for.
8 God sey, "Make una nor sturbon as Israel pipol do
wen dem dey Meribah and Massah
wey dey di wildaness.
9 Bikos for der, even doh dia grand-grand papa dem si evritin wey I do,

dem still test and try my patient.
10 So, I vex for dem for forty years kon sey,
'Dis pipol heart don turn from mi
and dem nor gri do wetin I tell dem.'
11 So I kon swear as I dey vex sey:
'Dem nor go ever enter my place where rest dey.' "

# 96

*Na God Bi Di Great King*

1 Make una sing new song for God!
Make di whole world sing to am!
2 Make una sing and praiz God name.
Evriday, make una tok about di good news sey,
"E dey save en pipol."
3 Make una rite di wonderful tins wey E do among di nashons.
Make una tell evribody about di good-good tins wey E do.
4 God dey great! Make all praiz bi en own!
E big pass all di oda gods.
5 Oda nashons god, na just juju dem bi,
but na awa God make di heavens!
6 Honor and majesty dey round am;
strent and beauti dey en temple.
7 Make all di nashons for di world know God well;
make dem know sey God strong well-well and E get glory.
8 Make una give God di glory wey bi en own!
Make una bring una ofrin as una dey enter en temple.
9 Make una woship God with all en glory and wonders.
Make all di eart shake fall for en front.
10 Make una tell di nashons sey, "Na God dey reign!"
Di world stand gidigba and dem nor go fit shake am.
God go judge evribody akordin to wetin dem do.
11 Make di heavens and di eart dey happy!
Make di sea and evritin wey dey inside, shaut praiz God!
12 Make di field and di plants, shaut for joy!
Make di trees for forest dey make sound with praiz
13 before God, bikos E dey kom! Yes, E dey kom judge di eart.
E go judge di world well-well
and E go judge evribody akordin to wetin dem do.

# 97

*Na God Bi Di Great Ruler*

1 God na king! Make di eart happy!
Make river and sea happy too.
2 Dark kloud dey round am.
Na to do rite and judge well, bi di foundashon for en throne.
3 Fire dey round God for front
and E burn all en enemies for evry side.
4 En tonda lite dey shine round di eart,
so wen di eart si am, e kon dey shake.
5 Di mountins dey melt like butter

wen dem si God wey get di whole eart.
6 Di heavens dey tok about en raitiousness;
evribody dey si en glory.
7 But disgrace dey follow pipol wey dey woship juju;
doz wey dey make mout about dia god wey nor bi anytin,
bikos evry oda god must bow before di Oga awa God.
8 Jerusalem pipol and all di towns for Judah don hear about am and dem dey happy,
bikos of how God dey judge pipol!
9 Yu, God get pawa pass evritin for dis world;
so dem go praiz Yu pass any oda god.
10 Una wey love God, make una hate bad tins!
God dey protet pipol wey dey fear am
kon save dem from wiked pipol pawa.
11 Pipol wey dey fear God,
lite dey shine for dia body and doz wey get pure heart,
dey always happy.
12 So make evribody wey dey fear God,
happy kon praiz en holy name!

# 98

*Na God Dey Rule Di World*

1 Make una sing new song for God, bikos E don do wonderful tins!
E dey diliver pipol with en rite and strong hand.
2 God show en pawa to diliver
and en goodness to evribody!
3 E don remember en promise to love and kare for Israel pipol
and di whole eart don si God viktory.
4 So make all di eart shaut to God;
make all of dem bigin praiz and sing for joy!
5 Make dem sing dia praiz give God with harp,
sweet-sweet songs,
6 trumpets and di sound from ram horn.
Make una sing with praiz, before di King wey bi awa God.
7 Make di sea and evritin wey dey inside, shaut praiz God!
Make di eart and evry living tin join dem too.
8 Make di rivers klap dia hand
as dem dey praiz God.
Make di hills sing dia song for joy
9 before awa Oga God,
bikos E dey kom judge di whole world.
E go judge di whole world well
kon judge evribody, with raitiousness.

# 99

*Na God Bi Di Great King*

1 Na God bi king! Make di nashons shake with fear!
E sidan for en throne where di angels wey get feadas dey
and make di eart shake.
2 God dey great for Zion

and naim bi Oga ova all di nashons.
3 So, make wi praiz God great and wonderful name,
bikos E dey holy!
4 Di king dey strong; E love to judge well.
God dey make sure sey dem judge evry kase well.
Na Yu make betta judgement and raitiousness dey for Israel land.
5 So make una praiz di Oga awa God!
Make una bow woship am, bikos E dey holy!
6 Moses and Aaron dey among en priests;
Samuel na one among di pipol wey pray to am.
Dem pray to God and E ansa dem.
7 E tok to dem from di kloud wey kom as pila
and dem obey en kommand and laws wey E give dem.
8 My Oga God!
Yu really ansa dem.
Even doh Yu bi God wey dey ponish pipol
for di bad tins wey dem do,
dem still si sey Yu bi God wey dey forgive.
9 So make wi praiz di Oga awa God!
Make wi woship am for en holy hill,
bikos di Oga awa God, dey holy!

# 100

*Praiz Song*
1 Make evritin wey dey dis eart,
shaut with joy to God!
2 Make una happy as una dey woship God.
Make una sing with joy as una dey kom meet am.
3 Make una know sey na di Oga God bi God!
Na-im make us and wi bi en pipol.
Wi bi en pipol, di sheep wey dey en field.
4 So make una sing tanksgivin song as una dey enter en present!
Make una enter en temple with tanksgivin.
Make una tank and praiz en name.
5 Bikos God dey good, en love wey nor dey fail dey forever
and E dey good from one generashon go rish anoda.

# 101

*Di King Promise*
David Song
1 My God, I go sing about yor love and how Yu dey judge! I go praiz Yu with difren song.
2 Make Yu help mi to do di rite tin,
so dat I go dey honest
and dey do good as I dey rule my kingdom.
3 I nor go even tink to do bad tin
and I nor go join pipol do bad tins.
4 I nor go follow bad pesin make friend;
I nor go tink of evil at-all.
5 I go distroy anybody wey dey plan bad for en neighbour

and I nor go sorry for who dey deceive pipol or doz wey get pride.
6 I go favor di good pipol wey dey di land
and dem go kom stay with mi.
Na only doz wey nobody dey tok bad about, go serve mi.
7 I nor go allow pipol wey dey deceive odas,
serve for my house and doz wey dey lie,
nor go stay for my present.
8 Evriday, I go distroy wiked pipol for di land and doz wey dey do evil,
I go drive dem komot from God town.

# 102

*Man Wey Dey Sofa Prayer*

1 My God, make Yu hear my prayer!
Make Yu listin to my kry for help!
2 Make Yu nor turn from mi wen I dey trobol.
Listin and kwik ansa mi wen I koll Yu.
3 Bikos my days dey disappear like smoke
and my bones dey hot like wetin fire dey burn.
4 My heart dey weak;
my body dey dry go like grass and I nor fit chop anytin.
5 Bikos of di pains wey I dey feel,
my bones don almost kom out from my skin.
6 I bi like owl for desert;
like small owl for inside-inside wildaness.
7 I nor fit sleep,
I bi like bird wey only en dey on-top roof.
8 My enemies dey wahala mi evriday.
Dem dey laf and curse mi.
9 Na ashes I dey chop as food
and my tear dey rush enter my drink,
10 bikos of di way Yu dey vex for mi.
Yu don pick and trow mi go down.
11 My life dey pass kwik-kwik like shadow for evening and I dey die go like grass.
12 But Yu, my Oga God go sidan for yor throne forever
and evry generashon go know how Yu dey great.
13 Yu go raiz-up kon sorry for Jerusalem,
bikos dis na di time wen Yu go favor am.
Yes! Dis na di rite time to help am.
14 Bikos yor pipol love all di stones wey dey di town wall
and di dust wey dey di street.
15 Just as di nashons go fear wen dem si God,
na so too kings go fall wen dem si en glory,
16 bikos E go ribuild Jerusalem
kon appear inside en glory.
17 Pipol wey dey sofa, E go listin to dia prayers.
E nor go rijet dem wen dem dey beg am.
18 So, make una rite dis tin down for una shidren-shidren,
so dat wen dem born dem, dem go praiz God.
19 Make una tell dem sey God dey look down from en temple for heaven.

E dey look di eart from heaven
20 to hear di prisonas kry for help
and to release doz wey dem won kill.
21 So, make evribody for Zion celebrate God greatness
and make dem praiz am for Jerusalem
22 wen ever dem
and di difren kingdoms gada to woship God.
23 E don take my strent, even doh I still dey alive!
E don make my days for di world, short.
24 I sey, "My Oga God, make Yu nor let mi die naw wen I still dey yong,
bikos Yu dey from one generashon go rish anoda.
25 Na wen di world just start,
Yu build di foundashon for di eart
kon make di heavens with yor hand.
26 Even wen dem skata, Yu go dey forever.
Dem go tear like garment
and Yu go remove and distroy dem like one old klot.
27 But Yu go always bi who Yu bi;
Yu go dey forever.
28 Yor savant shidren-shidren go always dey save.
Dia shidren-shidren go always dey save for yor present."

# 103

*God Love Us*

David song

1 My soul, make Yu praiz God!
Make evritin wey dey inside mi, praiz en holy name!
2 My soul, make Yu praiz God!
Make Yu nor forget all di good tins wey E don do!
3 Na-im dey forgive pipol dia sins
and dey heal difren-difren diziz.
4 E save awa life from di pit
kon crown us with mesi and en love wey nor dey fail.
5 E satisfy awa life with good tins and even as wi still dey yong,
awa life strong like eagle own.
6 God dey do wetin dey good
and dey judge well for doz wey dem dey opress.
7 God show en good works to Moses
and en faithfulnes to Israel pipol.
8 God dey sorry and show mesi to pipol well-well;
E nor dey kwik vex and en love for us nor dey fail.
9 E nor dey always akuiz pipol
or vex tey for dem.
10 E nor dey use as awa sin big rish,
take ponish us.
11 As di sky high from di eart,
na so too en love for pipol wey dey fear and serve am, big rish.
12 Just as east far from west,
na so too E make awa sins far from us.

13 Just as papa dey love and pity for en shidren, na so too,
God dey good and dey sorry for doz wey dey fear am.
14 Bikos E know how E take kreate us
kon remember sey na dust wi bi.
15 Awa days for dis world bi like grass;
just as flower dey shine kon die, na so too wi dey shine,
but small time wi go die.
16 Wons heavy breeze blow,
di flower dey die komot like sey e nor dey der before.
17 But God love go dey forever for pipol wey dey fear am.
En salvashon go dey for dia shidren-shidren;
18 doz wey dey faithful to en kovenant
and dey obey en kommand!
19 God don make heaven en throne
and na from der E dey rule evritin.
20 So angels, make una praiz God:
Di strong angels wey dey obey am and listin to all en kommand.
21 Yes! Make una praiz God,
all di strong angels wey dey serve and do wetin E wont!
22 Evritin wey God kreate,
make una praiz God for evriwhere for en kingdom.
Make my soul praiz God!

# 104

*Praiz Who Kreate Di World*

1 My soul, make Yu praiz God!
My Oga God, si as Yu dey great!
Yor glory dey shine well-well kon kover evriwhere.
2 Yor dress dey shine like lite
and Yu stresh di sky like curtain for heaven;
3 Yu build yor palis
kon put am on-top di kloud where rain from dey kom.
Yu turn di kloud to yor shariot
kon dey ride am on-top di wind.
4 Breeze na yor messenja
and fire na yor savant.
5 Yu build di world on-top strong foundashon,
so dat nobody go fit remove am.
6 Yu kover di eart with wota
and di wota kover di mountins.
7 Wen Yu kommand,
wota dey vanish and wen Yu shaut,
e dey bi like tonda and di wota dey kwik-kwik rush komot.
8 Mountins dey raiz-up
and valley dey sink go di place wey Yu choose for dem.
9 Na Yu set where di sea go flow rish,
so dat dem nor go ever kover di eart again.
10 Yu turn springs to rivers
and dem even dey flow between mountins.
11 Dem dey provide wota for all di animals wey dey di field;

even wiked donkey sef dey si wota drink.
12 Birds dey build house near di rivers
and dey sing from tree for bush.
13 From God house for heaven,
E dey send rain kom wota di mountins,
so dat di seed for di eart go grow.
14 Yu dey make grass grow for animals to chop
kon provide plant for human being to use.
Yu allow us produce food from di eart;
15 wine wey go make us happy;
olive oil wey go make awa skin good
and bread wey go give us strent.
16 God send rain give en tree make dem for dey grow well;
di cedars for Lebanon wey E plant.
17 Di birds dey make dia house for der
and di stork bird dey stay for di trees wey always dey green.
18 Wiked goat dey stay di high mountin;
animals for rock dey-dey save inside dia whole.
19 God make di moon to mark di mont and di sun dey shine just as God program am.
20 God dey bring darkness and nite kom and na dat time,
wiked animals for di forest, dey waka.
21 Even lions dey kry bikos of honga
and dem dey ask God for dia food,
22 but wen sun don dey kom out,
dem go-go back to dia house go sleep.
23 Den men go-go do dia work
and dem go work till evening.
24 So my God, make Yu si all di difren tins wey Yu don do!
Na sense Yu take make all of dem.
Na wetin Yu kreate full di whole eart.
25 Di sea dey der, both wide and small ones wey get difren tins wey Yu kreate
and both small and big fish, dey inside.
26 Di ship dey travel on-top sea
and Yu still make whale dey swim and play for der too.
27 All wetin Yu kreate dey wait for Yu to give dem food wey dem go always dey chop.
28 Yu give dem food and dem kollect am;
Yu open yor hand to feed dem and dem chop beleful.
29 Wen Yu nor ansa dem, dem go dey fear.
Wen Yu remove life from dem, dem go die kon turn to san.
30 Na yor breath wey dey give life,
Yu take kreate dem kon make dem plenty for dis eart.
31 God glory go always dey forever!
Make God always dey happy for di living tins wey E kreate!
32 E look di eart and di eart shake;
E tosh di mountin and dem start to bring smoke.
33 So I go sing to God as long as I dey;
I go sing praiz to my God as long as I dey breath!

34 Make wetin I dey tink, make belle sweet am
and I go rijoice bikos of my God.
35 So, make sinnas vanish komot from di eart and make wiked pipol disappear!
Make my soul praiz God! Make wi praiz awa Oga God.

# 105

*God And En Pipol*

1 Make wi tank Oga God!
Make wi koll en name kon tell di whole world
about di tins wey E don do.
2 Make wi sing to am.
Yes! Make wi sing to am.
Make wi tink about all di wonderful tins wey E do!
3 Make wi praiz en holy name and wi wey dey woship God,
make wi happy.
4 Make wi look for God and en pawa wey E dey give!
Make wi always dey look for am!
5 Make wi remember all di wonderful tins wey E do;
en mirakles and laws wey E give
6 us wey bi en savants, Abraham shidren
and wi wey bi Jakob wey E choose, shidren-shidren.
7 Na-im bi di Oga awa God.
Pipol dey si di way E dey judge for di whole land.
8 E always dey keep en kovenant;
di promise wey E make give 1,000 generashon.
9 Dis na di kovenant wey E make with Abraham
and E swear about am give Isaak.
10 E give di promise to Jakob, just as E kommand and for Israel pipol,
na kovenant wey nor dey end, bikos E sey:
11 "I go give una Kanaan land
and e go bi una special propaty."
12 E tok dis tin wen dem neva plenty and dat time,
dem just bi strenjas for Kanaan land.
13 Dem waka from kountry to kountry,
from one kingdom to anoda.
14 Yet, E nor let anybody opress dem.
E warn kings bikos of dem sey:
15 "Make una nor tosh dis pipol wey I choose
and make una nor plan to do bad tins against my profets."
16 E kause honga for Kanaan land wen E
nor make di groun bear betta food for dem.
17 Den E send Josef go Egypt for en pipol front
wen en brodas sell am as slave.
18 Di shain for Josef leg kon dey pain am
and dem put iron for en neck.
19 Until di time rish for Josef to do wetin e dream
and tok about, God still dey test en karata.
20 Den Fero send for am kon free am.
Na di rulers for di nashon open di prison door

21 and Fero make Josef oga for evritin wey dey en house;
so Josef kon bi oga for evritin wey di king get.
22 E fit send doz wey dey serve di king as e wont
kon tish doz wey dey advise di king.
23 Den Israel kon go Egypt
and Jakob stay as strenja for Ham land.
24 So God kon make Israel pipol plenty
and dem kon too many for dia enemies to handle.
25 Den God turn Egypt pipol against Israel pipol and dem kon plan against God pipol.
26 But God send en savant Moses with Aaron wey E choose,
go free en pipol.
27 Dem do wonderful tins for Egypt pipol front
and for Ham land.
28 God kover Egypt with darkness,
bikos dem nor gri allow en pipol go.
29 E turn dia wota to blood
kon poizin all dia fish.
30 Den frog kon full di town
and dem even enter di king bedroom.
31 Wen God tok,
fly kon enter Egypt and worm kon full evriwhere.
32 God allow strong block fall for Egypt instead of ordinary rain
and tonda dey make nois for di whole land.
33 E distroy dia grape vine
and fig tree kon skata all dia trees.
34 God tok and many-many lokust kon kom;
small-small lokust wey dem nor fit kount.
35 Dem chop evry green leaf for di land
kon kill all di plants for Egypt.
36 Den God kill both di pipol and dia animals first-born for Egypt
and na dem bi di pride and joy of dia family.
37 God take en pipol komot from Egypt with many silva and gold
and e nor get any tribe for Israel wey faint for road.
38 Egypt pipol happy wen Israel pipol dey komot from dia land,
bikos dem dey fear Israel pipol well-well.
39 God kover Israel pipol with kloud
kon give dem big fire as lite for nite.
40 Dem ask for meat and God give dem kwail bird;
E give dem manna wey bi bread from heaven,
so dat dem go chop beleful.
41 E divide di rock and wota kom out
kon form river for di dry land,
42 bikos E remember en promise
wey E make with en savant, Abraham.
43 So E take en pipol komot Egypt with joy;
di pipol wey E choose with happiness.
44 Doz wey nor know am, E give dia land to Israel en pipol
and dem plok fruit wey odas plant.

45 All dis tins happen make dem for dey follow God laws
kon obey en kommand.
So make wi praiz di Oga wey bi awa God!

# 106

*God Dey Good*

1 Make wi praiz God! Make wi tank am, bikos E dey good!
E love wey nor dey fail, dey forever.
2 Who fit kount all di wonderful mirakles wey God don do?
Who go fit praiz am rish?
3 Joy dey for pipol wey dey do well
and always dey do wetin dey rite.
4 My God, wen Yu dey show yor favor to yor pipol,
make Yu remember mi; make Yu kom near and save mi.
5 Make I share for di joy wey Yu dey give
to di pipol wey Yu choose.
Make I happy, bikos yor pipol dey happy;
make I praiz Yu with doz wey bi yor own.
6 Wi don sin like awa grand-grand papa.
Wi don do plenty bad tins! Wi don do wiked tins well-well!
7 Awa grand-grand papa dem nor tank Yu for all wetin Yu do for dem for Egypt.
Dem kwik forget all di good-good tins wey God do for dem.
True-true, dem go against God kommand, afta dem cross di Red Sea.
8 But God still save dem,
just to defend di honor for en name and to show en mighty pawa.
9 E kommand di Red Sea make e dry
kon take Israel pipol cross am like sey na desert
10 and E save dem from dia enemies
kon diliver dem from pipol wey won kill dem.
11 Den, di river kover and kill dia enemies
and no one among di enemies, survive.
12 So en pipol kon bilive en promise
and dem kon dey sing and praiz am.
13 But si as dem kwik forget wetin God do!
Dem nor gri listin to en advise!
14 For di desert, dem bigin put eye for bad-bad tins
kon dey test God patient for dat dry and empty land.
15 So God give dem wetin dem ask for,
but E send diziz and wahala follow di tins.
16 Di pipol for di kamp
kon dey jealous Moses and Aaron wey bi God priests.
17 Bikos of dis, di eart open kon swallow Datan,
Abiram and all doz wey dey support dem.
18 Fire fall on-top all doz wey dey follow dem
and all of dem kon die.
19 Den di pipol make one juju with gold for Mount Sinai
kon dey bow for am.
20 Dem shange dia God wey get glory
bikos of one juju wey dem make.

21 Dem forget God,
dia Savior wey do many great tins for Egypt
22 and plenty wonderful tins for Ham
and for di Red Sea.
23 So God kon sey E go distroy dem.
But Moses, wey E choose kon stand between God and di pipol.
E beg make God nor vex distroy dem.
24 So some pipol nor enter di promise land,
bikos dem nor bilive God promise wey sey,
E go kare for dem.
25 Instead, dem dey komplain for dia kamp
and nor gri obey God.
26 So, God swear sey E go kill dem
for di wildaness
27 kon skata dia shidren-shidren among di nashons
and for far-far place.
28 Den awa grand-grand papa join bigin woship Baal for Peor,
dem even chop sakrifice wey dem offa give dead body!
29 Dem make God vex with all dis tins,
so wahala and diziz kon attack dem.
30 But Finehas get strong mind kon stand for di pipol
and di wahala and diziz kon stop.
31 And from dat time, dem kon si am as raitious man.
32 For Meribah, di pipol make God vex kon put Moses for trobol,
33 bikos dem make Moses vex
and e kon dey tok like fool.
34 Israel pipol nor gri distroy all dia enemies wey dey di land,
even doh God sey make dem distroy dem.
35 Instead, dem bigin make friends with pipol wey nor know God
kon dey follow dia wiked ways,
36 den dem bigin woship dia juju
and na dis make all of dem fall
37 and dem even sakrifice dia sons
and dotas give di demons.
38 Dem kill innocent pipol kon sakrifice dia sons and dotas give Kanaan juju,
so di land kon full with innocent pipol blood.
39 Dem dirty diasef with di wiked tins wey dem don do
and di way wey dem love juju kon make God dey vex
40 and na dis make God leave en pipol
wey bi en special propaty.
41 E give dem to dia enemies and na pipol wey hate dem
kon dey rule dem.
42 Dia enemies opress dem
kon make Israel pipol dey do wetin dem tok.
43 Even doh God save dem many-many times,
dem still choose to sin against am
and dia sin kon finally distroy dem.
44 But God still sorry for dem wen dem dey trobol
kon listin to dia kry for help.
45 E remember en kovenant with dem kon sorry for dem,

bikos of en love wey nor dey fail.
46 So dia enemies wey bi dia oga, God
kon make dem trit Israel pipol well.
47 Naw, my Oga God,
make Yu kom save us!
Make Yu gada us back from evriwhere wey wi skata go,
so dat wi go tank yor holy name kon happy as wi dey praiz Yu.
48 Make wi praiz di Oga wey bi Israel God wey dey alive forever and ever!
Make all di pipol sey, "Amen!"

# 107

*God Goodness*

1 Make wi tank God,
bikos E dey good!
En love wey nor dey fail, dey forever.
2 Make pipol wey God don save, tok about am.
Make dem tell odas sey E don save dem from dia enemies.
3 Bikos E don gada en pipol from many land;
from east and west, nort and sout,
4 even doz wey dey waka for di wildaness
and di ones wey lost and nor get house.
5 Dem bin dey hongry and wota nor dey to drink
and some even faint as dem dey waka,
6 so dem kry as dem dey trobol sey,
"Awa God, make Yu kom help us!"
So God save dem from dia trobol.
7 E take dem go where dem go for dey save;
di town where dem go stay.
8 So make dem praiz God,
bikos of en great love
and for di wonderful tins wey E don do for dem.
9 Bikos E dey give wota to pipol wey nid am
and food to doz wey dey hongry.
10 Some sidan for where dark pass
and dem shain dem with iron,
11 bikos dem go against God word,
dem nor gri listin to wetin di Most High God tok
12 and na dis rizin make God ponish dem,
so dat dem go learn, bikos wen dem fall, nobody dey to help dem.
13 Wen dem dey trobol,
dem kon kry sey,
"Awa Oga God, make Yu kom help us."
So God save dem from dia trobol.
14 E komot dem from di darkness
kon break di shains.
15 So make dem praiz God,
bikos of en great love
and for di wonderful tins wey E don do for dem,
16 bikos E break di prison gate wey dem make with bronze
kon kut all di bars wey dem make with iron.
17 Bikos some nor get sense,

dem kon tok against am and dem sofa for dia sins.
18 Dem nor even fit chop
and na die remain for dem to die.
19 Wen dem dey trobol, dem kon kry sey,
"Awa Oga God, make Yu kom help us."
So God save dem from dia trobol.
20 E send en words kon heal dem
and E take dem komot from deat hand.
21 So make dem praiz God,
bikos of en great love and for di wonderful tins wey E do for dem.
22 Make dem tank am with sakrifice
kon sing about di tins wey E do.
23 Some use ship for sea dey travel
round di world.
24 Dem si all di tins wey God dey do;
all di wonderful works wey E do for di deep sea.
25 E kommand and breeze raiz-up
with all di waves for di sea.
26 Di waves karry di ship up-and-down for di sea
and doz wey dey drive di ship fear well-well,
bikos of di great wahala wey di wave dey kause.
27 So dem kon dey shake and stagga like pesin wey don drink
and all wetin dem know,
nor fit help dem.
28 Wen dem dey trobol, dem kon kry sey,
"Awa Oga God, make Yu kom help us."
So God save dem from dia trobol.
29 God stop di wave for di sea
and evriwhere kon kwayet.
30 Dis kon make doz wey dey drive di ship happy,
den di wota karry dia ship go rish land!
31 So make dem praiz God, bikos of en great love and di wonderful tins
wey E do for dem.
32 Make dem praiz am for where pipol dey
and for where di leaders for di nashon gada put,
33 bikos E turn river to desert and spring wota to land wey dry well-well.
34 E turn di land wey get fruit to land wey nor get anytin at-all,
bikos of di wiked tins wey di pipol wey dey stay der, dey do.
35 But for en pipol,
E turn desert to where wota full
and dry land to where wota dey flow pass,
36 den E bring doz wey dey hongry make dem
kon stay and build dia house for der.
37 Dem plant seeds and vine for di land
kon harvest plenty fruits and food.
38 E bless dem, so dat dem go born
kon plenty for di land and na so too E make dia animals plenty.
39 But as for dia enemies,
dem kon dey small more-more,
bikos of di pain and sofa wey dem dey face.

40 God nor sorry for dia prince, instead E make dem dey waka for di dry and empty land.
41 Yet E save poor pipol from doz wey dey opress dem kon make dia family many like plenty animals.
42 Wen pipol wey dey obey God si all dis tins, dem go happy,
while wiked pipol go shut up dia mout.
43 So anybody wey get sense, make e learn from all dis tins
and tink about how God good rish and en love wey nor dey fail.

# 108

*Prayer For Help Against Di Enemies*

David Song

1 My God, I don make up my mind!
I go sing and praiz Yu with all my heart!
2 Jita and trumpet, make una wake-up!
I go wake-up for early morning
kon praiz Yu with song from my mout.
3 My God, for evribody present, I go tank Yu.
I go sing yor praiz among di nashons.
4 Bikos yor love wey nor dey fail, high pass di heavens.
Yor faithfulnes dey rish di kloud.
5 My God, make all praiz bi yor own
and make dem high pass di heavens.
Make yor glory kover di whole eart.
6 Naw, make Yu save di pipol wey Yu love.
Make Yu ansa and save us with yor pawa.
7 As God holy rish, E kon promise sey,
“I go defeat di pipol kon divide Shekem land with joy,
den I go measure Sukkot Valley.
8 Na mi get Gilead and Manasseh!
Efraim wey I dey wear like helmet for head,
go produce strong sojas
and Judah wey I dey wear for body like war klot,
go produce kings.
9 But Moab na my wosh-hand basin;
dem bi my savant and I go use Edom take klean my legs kon happy,
bikos I don win Filistia pipol.”
10 So, who go take mi enter di strong town?
Who go fit help mi win Edom pipol?
11 My God, Yu don rijet us?
Yu nor go follow awa sojas go fight war again?
12 Abeg, make Yu help us fight awa enemies,
bikos human being help, dey yuzles
13 and wi know sey, with God help,
wi go do mighty-mighty tins, bikos E go distroy all awa enemies.

# 109

*Man Wey Dey Trobol*

David Song For Di Kwayamasta

1 My God wey I dey praiz,

make Yu nor rijet mi
2 as wiked pipol dey trobol
and lie for my head.
3 Dem gada round mi kon dey lie
and fight mi without any rizin.
4 I love dem, but dem dey try to distroy mi.
Even doh I dey pray for dem, yet dem still dey lie for my head!
5 Dem dey pay mi bad for good and even doh I love dem,
dem hate mi.
6 Dem sey, “Make una bring one wiked man wey go tok against am.
Make una send pesin wey go tok against am for kourt.
7 Wen en kase don rish to judge,
make dem sey na-im dey wrong.
Make God si en prayers as sin.
8 Make en years for life nor plenty
and make anoda pesin take en pozishon.
9 Make en shidren and wife
nor get papa and husband again.
10 Make en shidren beg waka
and make dem porshu dem komot dia house.
11 Make pipol wey e dey owe, kollect all wetin e get
and make strenjas take evritin wey e work for.
12 Make nobody pity for am;
make nobody sorry for en shidren wey nor get papa.
13 Make all en shidren die,
so dat pipol nor go remember en family name again.
14 Make God nor ever forget di sins wey en papa kommit;
make God always dey remember en mama sins.
15 Yes! Make God always dey remember en sins
and make nobody remember en name again.
16 Bikos e nor gri help oda pipol;
e ponish poor pipol, doz wey nor get
and e dey trobol doz wey nor get heart,
till dem die.
17 E love to curse odas.
Naw, make Yu curse am.
E nor dey ever bless odas; so naw, make Yu nor bless am.
18 To am, to dey curse pesin bi like klot wey dem dey wear for body
or wota wey dem dey drink or betta food wey e dey chop.
19 Naw, make en curse go back to am kon dey with am like klot for body;
make dem tie am round am like belt for en waist.”
20 But all di pipol wey dey akuiz and tok bad about mi,
make God ponish dem with all dis curse.
21 My Oga God wey get pawa, make Yu protet mi,
bikos of who Yu bi!
Den kon save mi,
bikos Yu dey faithful and good.
22 I poor well-well!
I nor get anytin and na pain full my heart.
23 I dey fade komot dis life like shadow;
I dey die komot like lokust.

24 Bikos I dey fast since, my legs don weak
and my body don turn to ordinary skin and bone.
25 Pipol for evriwhere dey use mi make yeye;
wen dem si mi, dem dey shake dia head dey laf.
26 My Oga God, make Yu help mi!
Make Yu save mi, bikos of yor love wey nor dey fail.
27 Make dem si sey, dis na wetin Yu do
kon know sey na Yu my God, do am by yorsef.
28 Make dem curse mi if dem like, bikos I know sey Yu go bless mi!
Wen dem attack mi, na disgrace go follow dem!
But mi, yor savant go always dey happy!
29 Make disgrace follow pipol wey dey akuiz mi;
make shame kover dem like klot.
30 But I go always dey tank God
kon praiz am for evribody front,
31 bikos E dey protet pipol wey nor get,
so dat E go save dem from wiked pipol wey won kondemn dem.

# 110

*God And Di King Wey E Choose*

David Song

1 Di OGA tell my Oga God,
"Make Yu sidan for where honor dey for my rite hand,
until I don put all yor enemies under yor leg."
2 God go make yor kingdom big and strong for Jerusalem
and yu go rule ova yor enemies.
3 Wen yu go war,
yor pipol go dey happy to follow yu go fight.
Na holy garment dem wear for yor body
and yor pawa go dey fresh evriday like morning dew.
4 God don promise and E nor go break di vow wen E make sey:
"Yu bi priest forever like Melkizedek."
5 Di Oga God stand for yor rite hand to protet Yu and E go kill many kings,
wons E don dey vex.
6 E go ponish di nashons
and dead body go full dia land.
Yes! E go kut pipol head
full di whole world.
7 But di king go drink from di wota wey dey flow pass for di road
kon rule forever.

# 111

*Praiz For God*

1 Make wi Praiz God!
I go tank God with all my heart
for di pipol front wey dey obey and gada woship am.
2 Si how di tins wey God do dey good well-well
and na for pipol wey dey obey am.
3 Evritin wey God dey do, dey show en glory and majesty;

en raitiousness nor dey ever fail.
4 E dey make us remember en wonderful works,
bikos awa God dey good and dey show mesi!
5 E dey give food to pipol wey dey obey am
and E always dey remember en kovenant.
6 E don show en pipol en great pawa
wen E give dem oda nashons land.
7 Evritin wey E dey do dey rite and good
and pesin fit trust all en kommand,
8 bikos dem bi true word and dem go last forever,
so wi must obey dem well and respet dem.
9 E diliver en pipol kon make sure sey en kovenant go dey forever.
Make una si as en name dey holy and big!
10 Na to obey God bi di rite way to get sense and evribody wey dey do wetin E tok,
dey get sense and do well.
So make praiz bi en own forever and ever.

# 112

*Good Pesin Go Happy*

1 Make wi praiz God!
Pesin wey dey obey and love to do wetin God kommand,
blessing dey follow am.
2 En shidren-shidren go get pawa for dis world
and God go bless di pipol wey dey obey am.
3 Dia house get plenty good propaty with money
and dia respet na forever.
4 Even for darkness,
lite dey shine for pipol wey dey fear God.
Dem dey good, dey sorry for pipol and dem get respet.
5 Pipol wey dey dash oda pipol money,
dey do dia business well and na dem good tins dey follow.
6 Evil nor go fit kill doz kind pipol.
Pipol wey dey raitious and good, pipol dey always remember dem.
7 Dem nor dey fear bad news;
dem always dey trust God sey E go kare and guide dem.
8 Dem get mind and dem nor dey fear
as dem dey fight and distroy dia enemies.
9 Dem dey share and give wetin dem get to poor pipol for free.
Pipol go always remember dia good work forever.
Dis kind pipol, go get respet and honor.
10 Wen wiked pipol si dis tins,
dem go dey fear and worry;
dem go grind dia tit dey vex;
dem go melt trowey
and evritin wey dem wont,
go distroy.

# 113

*Praiz God For En Goodness*

1 Make una praiz God!
Una wey bi God savants, make una praiz am!
2 Make praiz bi God name naw
and forever!
3 Pipol go praiz God name
from east go rish west.
4 Dem dey praiz am ova all di nashons
and en glory high pass di sky for heaven.
5 Na who wi go take kompare di Oga awa God
wey sidan for di high throne?
6 E dey bend look
di sky and di eart.
7 E dey take poor pipol komot from dirty
kon remove doz wey nid help from where yeye tins dey,
8 so dat E go put dem for where prince dey-dey
and dem go dey with en pipol wey bi prince.
9 Woman wey nor get pikin,
E dey gi-am shidren kon make am dey happy.
So, make wi praiz God!

# 114

*Passova Song*

1 Wen Israel pipol komot from Egypt;
wen Jakob family komot from di land where dem for bi strenja,
2 Judah kon bi God temple
and Israel kon bi en kingdom.
3 Di Red Sea si dem dey kom,
kon run and Jordan River turn en face.
4 Di mountins jump like goat
and di hills run like lamb.
5 Red sea! Na wetin make yu dey run?
Jordan River na wetin make yu turn yor face?
6 Yu mountins, wetin make Yu jump like goat?
Yu hill, why Yu run like lamb?
7 Yu, eart make yu shake with fear,
bikos of di Oga wey bi Jakob God,
8 wey turn strong groun to where wota full
kon bring wota kom out from strong rock.

# 115

*Di One And Only True God*

1 My God! Nor bi wi get di glory!
Nor bi wi, but make all glory bi yor own,
bikos of yor faithfulnes and love wey nor dey fail.
2 Why Yu dey let di nashons sey,
"Where dia God dey?"
3 Awa God dey for heaven
and E dey do wetin E like.
4 Na silva and gold human being

take make dia juju.
5 Di juju dem get mout, but dem nor fit tok;
dem get eye, but dem nor dey si.
6 Dem get ear, but dem nor dey hear,
dem even get nose, but dem nor fit smell anytin.
7 Dem get hand, but dem nor fit tosh or feel anytin.
Yes! Dem still get leg, but dem nor fit waka.
Dem even get trot, but dem nor fit klear am or make any sound.
8 Pipol wey dey make juju and all doz wey trust dem and di juju,
bi like di juju wey dem make with dia own hand.
9 So, Israel pipol, make una trust God,
bikos na-im dey help and guide una.
10 Una wey bi priests, Aaron shidren-shidren,
make una trust God, bikos na-im dey help and protet una.
11 All of una wey dey obey God, make una trust am,
bikos na-im dey help and guide una.
12 God go remember and bless us.
E go bless Israel pipol and di priests
wey bi Aaron shidren-shidren.
13 E go bless di pipol wey dey obey am;
both small and big.
14 Make God really make una plenty;
both una and una shidren.
15 Make God wey make heaven and eart,
bless una.
16 Na God get di heavens,
but E don give di eart to human being.
17 Pipol wey don die nor fit sing praiz God,
bikos dem don die enter dia grave wey kwayet.
18 But wi go praiz God both naw and forever!
So make wi praiz di Oga wey bi awa God!

# 116

*Man Wey God Save From Deat*

1 I love God, bikos E dey hear my vois
and my prayer for help.
2 E dey listin to mi, so as long as I dey alive,
I go dey pray to am to help mi,
3 bikos deat kover mi like klot and di fear to die go grave,
dey make mi shake.
Na only sorrow and trobol I dey si.
4 So I koll God name:
“Oga God, abeg make Yu kom save mi!”
5 Naw, make una si as God kind and good rish!
Dis awa God too dey pity for pesin!
6 God dey protet pipol wey dia faith neva too strong and even wen I dey face deat,
E kom save mi!
7 So my soul go rest again,
bikos God dey good to mi.
8 Yes! E save mi from deat kon remove tears from my eyes,

so dat I nor go fall.
9 I dey waka for God present
as I dey for dis world!
10 I get faith wen I sey,
"My God, I bilive Yu,
even doh my mind really dey trobol mi."
11 As I dey vex, I kon sey,
"Evribody dey lie well-well!"
12 So, wetin I go give God for evritin
wey E don do for mi?
13 I go dance bikos E diliver mi
kon praiz God name forever.
14 I go keep my promise
wey I make to God for en pipol present.
15 God dey kare for en pipol and E dey pain am well-well
wen di ones wey E love, dey die.
16 My God, I bi yor savant;
yes, I bi yor savant wey dem born for yor house
and Yu don free mi from di shains
kon save mi from deat.
17 So I go tank God with sakrifice
kon pray to am.
18 Na for pipol present I go for
do wetin I vow to God
19 and na for God house wey dey Jerusalem.
So make wi praiz di Oga wey bi awa God!

# 117

*Praiz God*
1 Make all di nashons praiz God.
Make all di pipol for di eart praiz am.
2 Bikos E love us with di love wey nor dey fail
and God goodness dey last forever.
So make una praiz God!

# 118

*Tanksgivin Prayer*
1 Make wi tank God,
bikos E dey good and en love dey-dey forever.
2 Make evribody for Israel sey:
"E dey good and en love dey-dey forever."
3 Make Aaron shidren-shidren wey bi priests sey,
"En love dey-dey forever."
4 Make evribody wey dey fear God sey,
"En love dey-dey forever."
5 Wen I dey trobol,
I pray to God and E ansa kon free mi.
6 God dey my side, so I nor go fear.
So wetin ordinary pesin fit do mi?

7 Yes, God dey my side; E go help mi.
I go dey happy, bikos I don win di pipol wey hate mi.
8 E betta to trust God,
dan to trust human being.
9 E betta to trust God,
dan to trust prince dem.
10 Wiked nashons gada around mi,
but I distroy all of dem with God pawa.
11 Yes! Dem gada round kon attack mi,
but I distroy all of dem with God mighty pawa.
12 Dem gada mi like bee,
but dem die kwik like bush wey dey burn,
bikos I distroy all of dem with God pawa.
13 My enemies try well-well to kill mi,
but di Oga my God save mi.
14 Na God dey give mi pawa kon make mi sing new song;
E don make mi win all of dem.
15 Na songs for joy and viktory dem dey sing for di kamp of pipol wey dey
fear and obey God,
bikos God don do wonderful tins with en strong rite hand!
16 God don win di war with en strong rite hand.
Yes! E don do many wonderful tins with en rite hand.
17 So I nor go die,
instead I go live to tok about
all di wonderful tins wey God don do.
18 Even doh God don ponish mi well-well,
E nor let mi die.
19 Di gate wey raitious pipol dey pass enter,
make Yu open am for mi,
so dat I go-go inside go tank God.
20 Na dis gate dem dey pass go God present and pipol wey dey obey God,
dey pass der enter.
21 I dey tank Yu sey Yu ansa my prayers kon make us win,
22 bikos di stone wey di pipol wey dey build rijet,
don turn to di main stone.
23 Dis na God handwork
and e dey wonderful for awa eye.
24 Dis na di day wey God make,
so wi go always dey happy, bikos of am.
25 Oga God, wi dey beg make Yu save us!
Wi dey beg make Yu make us prosper.
26 Make una bless di pesin wey dey kom with God name.
Yes! Wi bless Yu from God house.
27 Di Oga na God, so make wi start di celebrashon with sakrifice,
as wi dey mash round di altar with bambo leaf for awa hand.
28 Na Yu bi my God and I go praiz Yu!
Na Yu bi my God and I go lift yor name high!
29 So make wi tank God,
bikos E dey good and en love dey-dey forever.

# 119

*God Law*

א *(Alef)*

1 Make una si as God dey bless pipol
wey dey do wetin dey rite and obey en kommand.
2 Pipol wey dey follow en rules
kon find am with all dia heart,
make una si as dia blessing many rish.
3 Dem nor dey do bad tins
and dem always dey obey God word.
4 God sey make wi obey
and keep yor kommand well-well.
5 If to sey I fit live my life
just as Yu tok
6 den I nor go shame,
bikos I dey follow wetin Yu tok.
7 As I dey learn evritin about yor raitiousness,
I go tank Yu as I dey live my life as I suppose to live am!
8 I go obey yor laws,
so my Oga God,
make Yu nor taya for mi!

*To Obey God Law*

ב *(Bet)*

9 Di only way yong pesin go if live betta life,
na to obey God word.
10 I don try well-well to find Yu.
Abeg, make Yu nor let mi go against yor kommand.
11 I don keep yor word for my heart,
so dat I nor go sin against Yu.
12 My God, I go praiz Yu,
so make Yu tish mi yor laws.
13 I dey shaut and tok about
all di kommands wey Yu give us.
14 Just as I dey happy to get propaty,
na so too I dey happy to obey di laws wey Yu give us.
15 I go learn yor kommand
kon study yor laws.
16 I go obey yor laws
and I nor go forget yor word.

*Happiness Dey For God Law*

ג *(Gimel)*

17 Make Yu dey good to mi wey bi yor savant,
so dat I go live and obey yor word.
18 Make Yu open my eyes to si di wonderful tins
wey dey yor law.
19 Na strenja I bi for dis world,
so make Yu nor hide yor kommand from mi!
20 I always dey happy
to dey learn yor rules and laws.

21 Yu porshu sturbon pipol;
doz wey nor dey obey yor kommand and bikos of dis,
curse dey dia head.
22 So make Yu nor let dem laf and curse mi,
bikos I dey obey yor kommand.
23 Even doh important pipol sidan dey plan against mi,
I go still dey tink of yor kommand,
24 bikos yor law dey sweet
and dem dey give mi good advise.

*To Really Obey God Law*

ד *(Dalet)*

25 I liedan dey roll for dust;
so make Yu save mi with yor word.
26 I tell Yu about my problems and Yu ansa mi.
Naw, make Yu tish mi yor laws.
27 Make Yu help mi undastand wetin yor kommandment mean
and I go always dey tink about di wonderful tins wey Yu dey do.
28 Make Yu enkourage mi with yor word,
so dat my pains nor go kill mi.
29 Make Yu nor let mi dey deceive mysef;
but make Yu allow mi know yor ways.
30 I don choose to follow Yu;
I don gri to live my life as yor word tok.
31 I hold yor laws well, so my God,
make Yu nor let shame katch mi!
32 I go run follow yor kommands,
bikos Yu dey make mi undastand life well-well.

*Prayer To Undastand*

ה *(He)*

33 My God, make Yu tish mi yor laws
and I go obey dem till I die.
34 Make Yu make mi undastand and I go obey evritin wey Yu tok
kon learn dem with all my heart.
35 Make Yu let mi follow yor kommand,
bikos na der my happiness dey.
36 Instead of to dey love money,
make Yu let mi dey worry to know yor laws!
37 Make Yu help mi take my eyes
komot from tins wey nor mean anytin
and give mi life thru yor word.
38 Make Yu tell mi again about yor promise
wey Yu make to di pipol wey dey fear and obey Yu.
39 Di tins wey dey make mi fear,
make Yu take dem komot from my life, bikos yor law dey good.
40 I dey wait since to obey yor kommand,
so make Yu make my life new again,
bikos Yu good well-well.

*To Trust God Law*

ו *(Vav)*

41 My God, make Yu give mi yor love wey nor dey fail

and di salvashon wey Yu promise mi.
42 Den I go fit ansa pipol wey dey won kill mi,
bikos I trust yor word.
43 Make Yu nor take yor word komot from my mout,
bikos na yor law dey give mi hope!
44 Den I go always dey obey yor laws
forever and ever.
45 I go dey save,
bikos na only yor kommand I dey follow.
46 I go speak to kings about yor laws
and I nor go shame.
47 Naw, make Yu si as I dey happy to obey yor kommand!
Si as I love dem well-well!
48 I honor and love yor kommand and I dey always tink of yor laws.

### *Konfident For God Law*

*ז (Zayin)*

49 Make Yu remember di promise wey Yu make give mi,
bikos na-im bi my only hope.
50 Yor promise dey revive
and help mi wen I dey for trobol.
51 Na so-so laf wiked pipol dey laf mi,
yet, I dey still obey yor laws.
52 My Oga God, I dey tink about yor laws wey dey since
and dem dey konfort my soul.
53 I dey vex for wiked pipol,
bikos dem rijet wetin Yu tok.
54 Anywhere wey I dey,
na yor law bi di song wey I dey sing.
55 My God, for nite,
I dey remember yor name and I dey obey yor kommand.
56 Na to obey yor kommand bi evritin
wey I dey do for dis life.

### *Respet For God Law*

*ח (Khet)*

57 Na Oga God dey guide and save mi!
So I promise to always dey obey yor word!
58 I wont yor blessing with all my heart,
so make Yu show mi mesi, just as Yu promise.
59 Wen I tink as my life bi naw, I kon choose to follow yor ways.
60 So, I go kwik-kwik dey do wetin Yu kommand.
61 Wiked pipol dey won drag mi enter sin,
but yor word dey strong for my heart.
62 I dey wake-up for nite dey tank Yu,
bikos of yor good laws.
63 Na pipol wey dey fear Yu bi my friends;
doz wey dey obey yor kommand.
64 My God, yor love wey nor dey fail, full di world;
so make Yu tish us yor laws!

### *To Value God Law*

*ט (Tet)*

65 My God, Yu don do many good tins
for mi just as Yu promise!
66 I bilive yor kommand and naw,
make Yu tish mi how to judge well and to undastand yor laws!
67 I bin dey sofa, bikos I waka live yor ways,
but naw, I dey obey yor word.
68 Yu dey good and na only good tins Yu dey do;
so make Yu tish mi yor kommand!
69 Wiked pipol lie full my ear,
but I dey obey yor kommands with all my heart.
70 Dia heart dey empty and stupid,
but I dey happy for yor kommand.
71 My pains dey good for mi,
bikos e dey tish mi how to listin to yor kommand.
72 Yor kommand dey good to mi
pass plenty silva and gold.

### *Justice For God Law*

*י (Yod)*

73 Na Yu make and kreate mi.
Naw, make Yu give mi di sense to follow yor kommand.
74 Make pipol wey dey fear Yu, dey happy wen dem si wetin Yu do for mi,
bikos I don put my hope for yor word.
75 My God, I know sey yor laws nor dey bad or hard.
Yu dey ponish mi, bikos e dey good for mi.
76 Naw, make yor love wey nor dey fail, konfort mi,
just as Yu promise mi wey bi yor savant.
77 Make Yu sorry for mi kon protet mi, so dat I nor go die,
bikos na yor law dey make belle sweet mi.
78 Make Yu disgrace doz wiked pipol wey dey lie for my head;
but I go always dey follow yor kommand.
79 Make Yu add mi join di pipol wey dey fear Yu;
doz wey know yor laws.
80 As I dey keep yor kommand, make evritin wey I dey do,
good for yor eye, so dat shame nor go katch mi.

### *Prayer To Diliver*

*כ (Kaf)*

81 I taya as I dey wait make Yu save mi,
but I don put my hope for yor word.
82 My eye just dey look to si sey wetin Yu promise, dey happen.
So wen Yu go kom help mi?
83 I bi like leda bag wey skwiz, bikos e dey where smoke full,
yet I neva forget to obey yor kommandment.
84 So, na how long I go dey wait?
Na wen Yu go ponish di pipol wey dey wahala mi?
85 Doz wiked pipol wey hate yor laws
don dig pit to katch mi.
86 But all yor kommand dey good,
so make Yu protet mi from di pipol wey just like to kill mi.

87 Even doh dem don nearly kill mi,
I still dey obey yor kommands.
88 So make Yu save my life with yor love wey nor dey fail;
den I go kontinue to obey yor laws.

*Faith For God Law*

ל *(Lamed)*

89 My God, yor word wey dey forever,
stand gidigba for heaven.
90 Yu dey good to all generashon and na as Yu kreate di eart,
e still dey kon rish naw.
91 Evritin dey as dem dey kon rish today,
bikos evritin dey work as Yu plan am.
92 If to sey yor laws nor keep mi with joy,
I for don die with my pains.
93 I nor go ever forget yor kommand,
bikos na dem Yu take dey give mi life.
94 I bi yor own, so make Yu save mi,
bikos I don work well-well to obey yor kommand.
95 Even doh wiked pipol dey hide for road to kill mi,
I kwayet as I keep yor laws for my mind.
96 Naw, I don know sey evritin get where dem fit do rish and evribody get where dem know rish,
but nobody fit undastand yor kommandment finish.

*Love For God Law*

מ *(Mem)*

97 My God, si as I love yor laws
and I dey tink about dem evriday.
98 Yor kommandment make mi get sense pass my enemies,
bikos na dem dey always guide mi.
99 Yes, I get betta undastandin pass my tishas,
bikos I always dey tink of yor laws.
100 I even get sense pass my eldas,
bikos I dey keep yor kommandment.
101 I don decide sey I nor go do any bad tin,
so dat I go always dey obey yor word.
102 I neva sin against yor laws,
bikos Yu tish mi well.
103 Yor word sweet well-well for my mout;
dem even sweet pass honey.
104 Yor kommandment don make mi undastand life well
and na-im make mi hate to do bad tins.

*Lite For God Law*

נ *(Nun)*

105 Yor word na lantan wey dey guide my leg and lite wey dey make mi si road.
106 I don first promise and I dey promise again sey; I go always dey obey all yor kommandment.
107 My God, I don sofa well-well; so make Yu save my life just as Yu promise.
108 My God make Yu asept di ofrin wey my praiz bring and tish mi yor kommandment.

109 Even doh my life nor balance at-all, I nor go stop to obey yor kommandment.
110 Even doh wiked pipol set dia trap for mi, I nor go turn from yor kommandment.
111 Na yor laws bi my special propaty; na dem my heart wont
112 and I dey ready to keep wetin Yu tok till I die.

### *Save Place For God Law*

*ס (Samek)*

113 I hate pipol wey dey pritend sey dem dey loyal to evribody,
but I love yor kommandment.
114 Na Yu bi my proteshon and guide
and na yor word dey give mi hope.
115 Una wey bi sey na wiked and evil tins full una mind, make una komot from my life;
bikos na my God kommandment I go obey till I die.
116 My God, make Yu give mi life as Yu promise,
so dat I nor go die!
117 Make Yu keep mi and I go dey save;
den I go always dey follow wetin Yu tok.
118 Yu don rijet all di pipol wey nor dey follow yor ways and naw,
dem just dey fool diasef.
119 Yu swip wiked pipol komot dis world like dirty;
know wonder I dey love to obey yor laws!
120 I dey shake bikos I dey fear Yu
and yor kommandments and rules dey make mi sopraiz.

### *To Obey God Law*

*ע (Ayin)*

121 I dey do wetin dey rite,
so make Yu nor leave mi for doz wey dey opress mi.
122 Abeg, make sure sey Yu bless mi
and nor let sturbon pipol opress mi!
123 I don taya to look, to si weda Yu go kom save mi;
so dat evritin go bi just as Yu promise mi.
124 I bi yor savant, so make Yu show mi yor love wey nor dey fail
kon tish mi yor laws.
125 I bi yor savant, so make Yu give mi sense,
so dat I go undastand yor rules.
126 E don rish time wey God go take akshon,
bikos dis wiked pipol dey break en laws.
127 True-true, I love yor kommand pass gold
and I even love am pass di gold wey fine pass.
128 All yor kommands dey korrect
and dat na di rizin why I hate to do bad tins.

### *To Love And Obey God Law*

*פ (Pe)*

129 Yor laws dey wonderful.
No wonder I dey obey dem!
130 Di tishing for yor word dey give lite,
so even pipol wey nor go skool dey undastand am.
131 I dey hongry for yor kommandment;

I dey wait for yor laws.
132 Make Yu kom show mi yor mesi,
just as Yu dey do to evribody wey love yor name.
133 Make yor words guide my step,
so dat I nor go waka enter evil.
134 Make Yu save mi from wiked pipol wey dey opress mi;
den I fit obey yor kommandment well.
135 Make Yu look mi with love kon tish mi yor laws.
136 I dey kry like river wey dey flow,
bikos pipol nor gri obey yor kommands.

*God Law And Justice*

*צ (Tsade)*

137 My God, na Yu bi my raitiousness
and yor laws good well-well.
138 Yor rules dey pafet
and wi go fit trust dem.
139 E dey pain mi well-well wen my enemies
nor gri listin to yor laws.
140 I don test yor promise well-well
kon si sey dem dey pure and dat na why I always dey love dem.
141 Even doh I nor mean anytin at-all to pipol,
I nor go fit forget yor kommand.
142 Yor judgement na forever
and yor laws dey pafet and true.
143 Even doh pressure and wahala dey make mi taya,
yor kommand still dey make mi happy.
144 Yor laws always dey rite;
so make Yu help mi undastand dem, so dat I nor go die.

*Prayer To Diliver*

*ק (Qof)*

145 My God, make Yu ansa mi,
bikos I dey pray with all my heart,
so dat I go always dey obey yor laws.
146 Make Yu save mi,
bikos I dey kry to Yu make I for fit obey yor kommand.
147 I dey wake-up before day break well
and yor words dey give mi hope.
148 I nor dey sleep for nite,
bikos I dey tink about yor promise.
149 So my God, make Yu hear my kry, bikos of yor love wey nor dey fail!
Make Yu save mi as Yu dey always do.
150 Pipol wey nor dey obey yor law dey kom attack mi;
dem nor dey listin to yor kommand at-all at-all.
151 But my Oga God, Yu dey near and all yor kommand na true
152 and I don know from small pikin sey,
yor laws go dey forever and ever.

*Beg For Help*

*ר (Resh)*

153 Make Yu si di sofa wey I dey sofa kom save mi,

bikos I neva forget yor laws.
154 Make Yu kom fight
and protet my life just as Yu promise.
155 Nobody go save wiked pipol,
bikos yor laws nor koncern dem at-all.
156 My God, si as yor mesi great rish;
so make yor laws dey give mi hope as I dey do dem.
157 Many pipol dey trobol and wahala mi,
yet I neva run or turn from yor laws.
158 Wen I si lie-lie pipol, e dey make mi sick,
bikos dem nor kare about yor kommandment.
159 My God, make Yu si how I love yor kommands.
Make Yu give mi back my life, bikos of yor love wey nor dey fail.
160 All yor kommand na true
and all yor laws go last forever.

### *Bilive God Law*

*שׂ / שׁ (Sin/Shin)*

161 Pipol wey get pawa dey trobol mi wen I nor do dem anytin,
but na only yor word dey make my heart shake.
162 Like pesin wey si many propaty karry for war,
na so too I dey happy to hear yor word.
163 Pipol wey dey lie and go against yor word,
I hate dem well-well, bikos I love evritin wey Yu tok.
164 I go praiz Yu seven times for one day,
bikos all yor laws dey rite.
165 Pipol wey love wetin Yu tok,
get peace of mind and dem nor dey fear, shake or fall.
166 My God, I dey wait since make Yu
kom save mi and I dey obey yor kommand.
167 I dey obey yor laws,
bikos I love dem well-well.
168 Yes, I dey obey yor kommandment and yor laws,
bikos Yu know evritin wey I dey do.

### *Prayer For Help*

*ת (Tav)*

169 My God, make Yu listin to my kry;
make Yu give mi betta sense thru yor word!
170 Make Yu listin to my prayers
kon save mi just as Yu promise.
171 Make praiz dey always kom out from my mout,
bikos Yu don tish mi yor laws.
172 Make my tongue sing about yor word,
bikos all yor kommandment dey rite.
173 Make Yu help mi,
bikos I don choose to obey and follow yor kommandment.
174 My God, e don tey wen I dey wait make Yu kom save mi,
bikos na yor laws dey give mi hope.
175 Make I dey dis life,
make yor laws kon help mi, so dat I go always dey praiz Yu.
176 I dey waka go like sheep wey waka lost for bush,

so make Yu kom find mi,
bikos I neva forget yor laws.

# 120

*Prayer For Help*
David Song
1 Wen I dey face trobol,
I kry to God and E ansa my prayer.
2 My God, make Yu save mi from pipol
wey dey lie and deceive odas.
3 Una wey sabi lie well-well, una know how God go take ponish una?
Una know how una wahala go plenty rish?
4 Dem go shuk una with sharp arrow
kon burn una with hot shako from fire.
5 I really sofa for Meshak town
and e pain mi well-well sey I stay with Kedar pipol.
6 I don taya to stay among pipol
wey nor like peace.
7 I dey look for peace;
but wen ever I tok about am,
na war dem dey give mi.

# 121

*Na God Dey Protet*
David Song
1 I go look up to di mountin!
Where my help from dey kom?
2 My help dey kom from God,
di Pesin wey make heaven and eart!
3 E nor go let mi kick stone fall;
di Pesin wey dey guide mi nor dey sleep.
4 True-true, di Pesin wey dey guide Israel
nor dey sleep at-all at-all.
5 Na God ensef dey wosh ova mi!
E stand near mi kon protet mi.
6 Di sun nor fit do mi anytin for day time
or di moon for nite.
7 God dey keep mi from my enemies
and E dey protet my life.
8 God dey always protet mi both wen I go out and wen I dey kom back!
E go protet mi naw and forever.

# 122

*Praiz Jerusalem*
David Song
1 I happy well-well wen dem sey,
"Make wi go God house."
2 And na der wi dey naw,
as wi stand inside Jerusalem.
3 Jerusalem na strong town wey dem build well;

so nor-tin go fit skata en wall.
4 Israel wey bi God pipol, all en tribes dey go der go woship am.
Just as Israel law tok, dem dey kom give God tanks for der.
5 Di throne where God for dey judge kase dey for der;
di throne wey bi David and en shidren-shidren own.
6 So make una pray for peace for Jerusalem and evribody wey love am,
go prosper.
7 My Jerusalem, make peace follow yu
and yor palis go dey prosper forever.
8 Bikos of my family and friends, I go sey,
"Make peace follow yu."
9 Bikos of awa Oga God house,
I go pray make Jerusalem dey prosper.

# 123

*Prayer For Mesi*

David Song

1 My God wey dey heaven,
na Yu I dey depend on.
2 Just as savants dey depend on dia masta
and as savant girls dey depend on dia madam,
na so wi too dey depend on di Oga awa God, until E go favor us.
3 My Oga God, make Yu sorry and pity for us,
bikos wi too don get awa own share for di trobol.
4 Di wahala wey wi get,
don taya us and awa trobol, plenty well-well.

# 124

*Na God Dey Protet En Pipol*

David Song

1 Make Israel pipol sey,
"If to sey Oga God nor dey awa side?"
2 If to sey God nor really dey awa side
wen pipol attack us,
3 dem for don swallow us
alive as dem dey vex.
4 River for don kover us;
wota for don karry us go.
5 Strong wave for river
for don kover awa soul.
6 So, make wi praiz God
wey nor let awa enemies tear us to pieces with dia tit!
7 Wi don eskape like bird
wey komot from hunta trap.
Dia trap and net wey dem set for us,
don break and wi don dey free!
8 God wey kreate heaven and eart,
na-im diliver us from dia hand.

# 125

*God Pipol Dey Save*
David Song
1 Pipol wey trust God dey sikure like Mount Zion;
nobody go fit bend dem and dem go dey forever.
2 Just as mountin gada round Jerusalem,
na so too God dey round en pipol,
both naw and forever.
3 Wiked pipol nor go rule pipol wey dey fear and obey God,
if not, doz wey dey obey God fit start to do bad tins too.
4 My God, make Yu do good to pipol wey dey good;
doz wey dia heart and mind dey with Yu,
5 but make Yu ponish pipol wey dey do bad tins.
Ponish dem with all di oda wiked pipol.
Make peace always dey Israel land!

# 126

*Prayer To Diliver*
David Song
1 Wen God take wi en pipol go back to Zion from Babilon,
E bi like sey wi dey dream!
2 Wi bigin laf kon dey sing for joy.
So di oda nashons kon sey,
"Di Oga God don do good tin for dis pipol o-o."
3 Yes, God don do betta tin for us,
so awa joy don plenty!
4 Oga God, just as wota dey make dry land fresh,
na so too Yu go do for us wen Yu give us awa propaty back.
5 Pipol wey sofa plant dia seed,
go harvest wetin dem plant with happiness.
6 Dem dey kry as dem dey go plant dia seed,
but dem go dey sing with joy as dem dey kom back with wetin dem harvest.

# 127

*God Goodness*
Solomon Song
1 Unless God build house,
di pipol wey dey build am,
just dey waste dia time.
Unless God guide town,
doz wey dey guide am, nor go fit protet am.
2 E dey yuzles to work hard from morning go rish nite,
bikos of wetin yu go chop.
Yes! God dey provide for di pipol wey E love,
even wen dem dey sleep.
3 Yes! Shidren na God gift;
dem bi reward from awa Oga God.
4 Pikin wey yong man born,
strong like arrow for warrior hand.

5 Na dem bi di main rizin wey make man dey happy
and shame nor go katch di man
even wen e meet en enemies for di town gate.

# 128

*To Obey God Dey Pay*
Solomon Song
1 Make una si di blessing wey dey follow doz wey dey fear
and do wetin God kommand.
2 Yu go enjoy wetin yu dey work for!
Yes! Yu go dey happy and sikure.
3 Yor wife go bi like vineyard wey get betta fruit
and e go prosper for yor house.
Yor shidren go bi like yong olive tree.
4 Yes! True-true, dis na God blessing for doz wey dey fear am.
5 Make God always dey bless yu from Zion.
As long as yu dey alive, yu go si Jerusalem dey prosper.
6 Yu go live to enjoy yor shidren-shidren.
Make peace always dey Israel land!

# 129

*Prayer Against Israel Enemies*
Solomon Song
1 Make Israel pipol sey,
"Na since wi dey small awa enemies don dey opress us.
2 Even doh enemies dey attack us since wi dey small kom rish naw,
dem neva ever fit win us.
3 Dem don use cutlass kut all awa back
like sey na farmer klear am.
4 But God dey good;
E don kut di rope wey wiked pipol take tie us and naw,
wi don dey free.
5 So, make evribody wey hate Jerusalem,
turn back with shame.
6 Make dem dey yuzles like grass wey dey on-top roof,
wey go die as e dey grow
7 and pipol nor go plok or si am again.
8 Yes! Pipol wey dey waka pass nor go sey,
'Make Oga God bless dem' or sey,
'Wi bless una with Oga God name.' "

# 130

*Prayer For Help*
Solomon Song
1 My God, I dey kry kom meet Yu
with pain for my heart.
2 My Oga God, make Yu listin
and hear mi as I dey kry for mesi!
3 If to sey Yu, my God won kount
all di sins wey pesin kommit,

den na who go fit stand before Yu?
4 But Yu always dey ready to forgive so dat dem go honor Yu.
5 So, I put my hope for God hand,
I trust am with my whole life
and I dey wait for en word wey nor dey fail.
6 Di way I dey find God,
sirious pass as gateman dey wait make day break.
Yes o-o, e sirious pass as gateman dey do for morning.
7 So Israel pipol, make una put una hope for God hand,
bikos God dey show en love
and E always dey ready to save en pipol.
8 E go diliver Israel pipol from di wahala wey dem dey face,
bikos of dia sins.

# 131

*Prayer For Trust*

David Song

1 My God, my heart nor dey proud;
my eyes nor dey look anyhow.
I nor dey worry mysef with matter
wey too heavy for mi to bear.
2 Instead, I dey kwayet and dey silent
like pikin wey nor dey kry for breast milk again.
Yes, I kwayet like pikin wey en mama karry.
3 So Israel pipol, make una put una hope for God hand,
both naw and forever more!

# 132

*Praiz For Di Temple*

David Song

1 My God, make Yu remember David
and all di sofa wey e sofa.
2 E make promise give Yu
and E vow give di Oga wey bi Israel God sey,
3 "I nor go-go my house
or go sleep for my bed.
4 I nor go gri sleep
or let sleep katch mi
5 until I find di place where I go build God house put;
one big temple for di Oga God wey dey save Israel."
6 Wi hear sey di Kovenant Box dey for Efrat;
den wi si am for Jaar town.
7 Make wi go God temple;
make wi woship am for front of en throne.
8 My God, make Yu raiz-up kon enter yor place where rest dey,
with di Kovenant Box wey dey show yor pawa.
9 Make yor glory kover yor priest;
make joy full yor loyal savants heart.
10 Bikos I bi yor savant,

make Yu nor rijet mi David, di king wey Yu choose.
11 God promise David di kind promise wey nor go shange sey:
“I go put one among yor shidren for di throne.
12 Den if yor shidren-shidren obey di kovenant and di laws wey I tish dem,
dem go bi king forever.”
13 Yes! God don choose Jerusalem;
E don choose di town as en own
14 and E sey, “I go dey rest for here forever.
I go stay der, bikos na mi choose am.
15 I go bless dis town kon make am prosper.
Den I go dey feed di poor pipol wey dey di land.
16 I go protet en priests
and joy go full di heart of doz wey dey fear God.
17 For der, I go make David pawa strong;
bikos I don decide sey, en shidren-shidren go bi king forever.
18 I go disgrace en enemies
and David kingdom go rule forever.”

# 133

*To Show Love*

David Song

1 Make una si as e dey good
and wonderful wen God pipol dey stay togeda for peace!
2 E dey bi like betta fine oil wey dem pour for pesin head,
wey rush go en bear-bear.
E rush go Aaron bear-bear
and di holy garment wey e wear.
3 E bi like di dew for Hermon wey dey flow from Zion hill.
True-true, na der God for sey en blessings go always dey forever and ever.

# 134

*Make Wi Praiz God*

David Song

1 All of una wey bi God savant and doz wey dey serve for God temple for nite,
make una praiz God.
2 Make una raiz una hand for di temple
kon praiz God!
3 Make God wey kreate heaven
and eart bless una from Zion!

# 135

*Praiz Song*

1 Make wi praiz Oga God! Make wi praiz God name!
Una wey bi God savant, make una gi-am praiz.
2 Una wey dey serve for di kourt
wey dey God temple;
3 make una praiz am, bikos E dey good!
Make una sing praiz en name,

bikos dat na wetin una suppose do!
4 True-true, God don choose Jakob as en own
and Israel pipol as en own pipol.
5 Yes! I know sey God dey great
and awa Oga God high pass oda gods.
6 E dey do anytin wey E like for heaven and eart,
both for under di sea and ocean too.
7 E dey make kloud raiz
kom from where di eart for end.
Na en dey bring tonda kom wons rain dey fall
and bring breeze kom out from where dem dey.
8 E kill all di first-born for Egypt,
both human being and animals.
9 E do great tins kon judge both Egypt,
Fero and all en savants just as dem deserve.
10 E distroy many nashons
kon kill mighty kings;
11 Sihon wey bi Amor pipol king
and King Og for Bashan and all di kingdom for Kanaan,
12 E give dia land to en pipol Israel,
as one special propaty.
13 So my God,
yor name go dey forever.
My Oga God, dem go respet Yu forever,
14 bikos Yu dey save yor pipol and sorry for yor savants.
15 Di gods wey human being dey serve,
na silva and gold dem take make dem.
16 Dem get mout, but dem nor fit tok;
dem get eyes, but dem nor dey si;
17 dem get ear, but dem nor dey hear
and dem nor dey breath at-all.
18 Pipol wey make dem, plus evribody wey trust dem,
go end up like dem.
19 So, Israel pipol, make una praiz God!
Aaron shidren-shidren, make una praiz God!
20 Levi family, make una praiz God!
Una wey dey do evritin wey God tok, make una praiz am!
21 E good make evribody for Zion,
praiz God and bikos na en bi God wey dey Jerusalem,
make all of us, praiz am!

# 136

*Tanksgivin Song*

1 Make wi tank God, bikos E dey good
and en love wey nor dey fail, dey forever.
2 Make wi tank God wey bi di oga of all gods,
bikos en love wey nor dey fail,
dey forever.
3 Make wi tank di Oga God of all ogas,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.

4 Na-im bi di Pesin wey dey do wonderful tins wey dey sopraiz pipol,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
5 Di Pesin wey make di heaven with en wisdom,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
6 Di Pesin wey put di eart on-top wota,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
7 Di Pesin wey make di great lite for heaven,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever:
8 Di sun dey rule for day time,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever,
9 and di moon and star dey rule for nite,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
10 Di Pesin wey kill all di first-born for Egypt,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
11 Den E karry Israel pipol komot from der,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
12 E guide dem with en strong hand,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
13 Na-im divide di Red Sea, bikos en love wey nor dey fail,
dey forever.
14 Den E take Israel pipol waka pass di river for dry land,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
15 Na-im make Fero and en sojas die inside di Red Sea,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
16 Na God lead en pipol pass di wildaness,
bikos en love wey nor dey fail dey forever.
17 Di Pesin wey kill strong-strong kings for dem,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
18 E still kill great and mighty kings too,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
19 E kill King Sihon for Amor,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
20 E kill King Og for Bashan,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
21 Den E kon give dia land to en pipol,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
22 E give di land to Israel pipol wey bi en savant,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
23 Di Pesin wey dey remember and fight for us wen wi dey trobol,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever,
24 den kon take us komot from awa enemies hand,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
25 Di Pesin wey dey give food to evritin wey get life,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever.
26 So make wi tank di Oga God wey dey heaven,
bikos en love wey nor dey fail, dey forever!

# 137

*Israel Pipol Song For Babilon*

1 As wi sidan near Babilon River,
wi kon dey kry bikos wi dey tink about Jerusalem.
2 Wi trowey and hang awa harps
for poplar tree branches,
3 bikos na for der di pipol wey katch us, sey make wi sing Jerusalem song for dem;
dem even dey laf us kon sey make wi dey smile as wi dey sing am.
4 But how wi won take sing God song for land where di pipol
nor know God?
5 O-o my Jerusalem, if I forget yu, make my rite hand die,
so dat I nor go fit play harp again.
6 If I nor remember Yu again or si Jerusalem as where my joy from dey kom,
make my tongue gum my mout.
7 My God, make Yu remember wetin Edom pipol do wen dem
kon distroy and karry Jerusalem pipol komot from dia own land.
Dem dey shaut, "Make una skata Jerusalem rish groun!
Skata di town rish groun!"
8 Babilon pipol! God go soon distroy una.
Di pesin wey go pay una back for wetin una don do to us,
make happiness bi en own.
9 Di pesin wey go take una shidren dem take nak rock,
make blessing follow am!

# 138

*Tanksgivin Prayer*

David Song

1 My God, I tank Yu with all my heart;
I go sing yor praiz for where evry oda gods dey.
2 I bow kon woship Yu for yor holy temple.
I dey praiz yor name,
bikos of yor faithfulnes and love wey nor dey fail;
bikos Yu don make yor promise and e high pass di sky.
3 Wen I pray, na wons Yu dey ansa mi!
Yu enkourage mi kon give mi strent.
4 My Oga God, di king for di whole eart go tank Yu,
bikos all of dem go hear yor words.
5 Yes! Dem go sing about God ways,
bikos en glory dey great well-well.
6 Even doh God dey great,
E dey kare for di pipol wey dey honbol demsef,
but doz wey dey karry body up, e dey give dem shance.
7 Even doh trobol gada round mi,
Yu still kom save mi.
Yu protet mi from my enemies wey dey vex for mi
and yor rite hand kon save mi.
8 God go fight for mi.
My Oga God, yor love wey nor dey fail, go dey forever,

so make Yu nor rijet di pipol wey Yu kreate by yorsef.

# 139

*God No And E Kare*

David Song

1 My God, Yu shek my heart well-well
and Yu know evritin about mi.
2 Yu know wen I sidan or wen I stand up.
Yu know wetin I dey tink even wen I dey far from Yu.
3 Yu dey si mi wen I dey travel and wen I dey rest for house.
Yu know evritin wey I dey do.
4 My God, Yu know wetin I won tok
even before I tok am.
5 Yu dey my front kon still dey follow mi for back
and yor blessings dey my head.
6 Di tins wey Yu know, too dey wonderful for mi;
dem too big for mi to undastand!
7 I nor go fit hide from yor Spirit! I
nor fit run komot from yor present at-all!
8 If I run go heaven, Yu dey der;
if I die go grave, Yu dey der too.
9 If I sey make I fly as day dey break
kon go di oda side for di sea,
10 yor hand go guide mi for der
and yor rite hand go support mi.
11 Even if I sey,
"darkness go kom and day go turn to nite around mi,"
12 e nor get how di darkness dark rish wey Yu nor go fit si mi,
bikos nite brite like day for yor eye
and darkness and lite na di same tin to Yu.
13 True-true, na Yu make my mind and my heart;
na Yu arrange mi for my mama belle.
14 I go tank Yu, bikos di tins wey Yu dey do,
dey wonderful and dey sopraiz mi.
Yu know mi well-well;
15 my bones nor hide from Yu,
even wen Yu make mi for sekret kon put mi for di eart.
16 Yu dey si mi wen I dey my mama belle.
All di days wey I go live, dem rite am for yor book,
even before dem born mi.
17 My God, si as e hard mi to tink about wetin Yu dey tink for mi,
bikos dem plenty well-well!
18 If I try to kount dem, dem go many pass san-san.
Even if I kount dem finish,
Yu go still dey with mi.
19 My God, I wish sey Yu go just kill wiked pipol finish!
So make wiked pipol leave mi alone o-o!
20 Dem nor gri do wetin Yu kommand;
dem like to dey do wiked tins
and awa enemies dey like to lie well-well.

21 So my God, si as I hate pipol wey hate
and dey oppoz Yu!
22 True-true, I really hate dem
and dem don bi my enemies naw!
23 Look mi well, den make Yu tell mi wetin I dey tink!
Test mi and Yu go know wetin I wont!
24 Show mi anytin wey make Yu dey vex for mi.
So take mi pass di road wey dey give life wey nor dey end!

# 140

*Prayer To Protet*
David Song
1 My God, make Yu save mi from wiked pipol!
Protet mi from pipol wey like wahala;
2 doz wey dey plan evil for dia heart
and dey kause trobol waka.
3 Dia tongue dey wound pipol like snake
and dia lips dey bring out snake poizin.
4 My God, nor let mi fall enter wiked pipol hand.
Make Yu protet mi from doz wey like wahala,
bikos dem dey plan bad against mi.
5 Proud pipol don set trap to katch mi; dem spread dia net
and dia trap dey evriwhere for di road.
6 So I tell Oga sey,
"Na Yu bi my God!"
So my Oga God,
make Yu listin wen I dey kry for help!
7 My God wey get pawa,
di strong One wey save mi,
na Yu protet mi wen my enemies dey fight mi.
8 So make Yu nor let wiked pipol win mi,
nor let dem susid with dia evil plan,
if not, dem go dey proud.
9 Make Yu distroy my enemies with di evil
and wiked tins wey dem plan for mi.
10 Make hot shako fall for dia head.
Make Yu trow dem for fire or inside pit wey wota dey,
where dem nor go fit komot or eskape.
11 Make Yu nor allow pipol wey dey lie,
prosper for dis land.
Make Yu kause betta wahala for doz wey like trobol.
12 But I know sey God go help di pipol wey dem dey opress
kon judge well for poor pipol.
13 True-true, pipol wey dey do wetin dey rite,
dey praiz yor name and doz wey dey fear God,
go stay for en present.

# 141

*Prayer For Evening*

David Song

1 My Oga God, I dey koll Yu, so make Yu kwik kom!
Make Yu listin wen I kry to Yu for help!
2 Make Yu asept my prayers like incense wey dem offa give Yu
and di hand wey I take dey praiz Yu,
asept am like ofrin wey pipol dey give Yu for evening.
3 My God, make Yu help mi kontrol my mout
kon guide my lips.
4 Nor let mi waka enter evil or follow pipol do bad tins.
Nor let mi chop sweet food wey wiked pipol kook.
5 Make pipol wey dey fear God beat and korrect mi with love!
Make my head nor rijet good oil!
True-true, even with all dia wiked plans,
my prayers dey make dem fear.
6 Wen dem trow dia leaders down from rock,
di pipol go kom listin to my word wey go diliver dem.
7 Just as pesin dey klear and dig groun,
na so too wiked pipol bones skata for dia grave mout.
8 But my Oga God wey get pawa, I dey look up to Yu.
Na Yu bi my guide; so make Yu nor let dem kill mi.
9 Make Yu keep mi from di trap wey dem don set for mi;
di hole wey wiked pipol dig.
10 Make Yu let wiked pipol fall enter dia own trap
and free mi from dia trobol.

# 142

*Prayer For Help*

David Song Wen E Dey Hide

1 I kry to God!
I dey beg make E kom help mi.
2 I tell am all my komplain
and trobols.
3 Wen I nor get pawa again,
na-im dey protet mi as I dey waka.
Bikos anywhere wey I dey go,
my enemies don set trap dey wait for mi.
4 I dey look for di rite pesin wey go kom help mi,
but nobody dey even tink go my side!
Nobody to help mi;
nobody even kare about wetin go happen to mi.
5 Den I pray to Yu, my Oga God kon sey,
"Na Yu dey guide mi.
Na Yu bi evritin wey I really wont for dis life.
6 Make Yu hear my prayers,
bikos I don taya.
Make Yu save mi from pipol wey dey opress mi,
bikos dem too strong for mi.
7 Bring mi kom out from prison,

so dat I go tank Yu.
Pipol wey dey fear God go kom gada round mi,
bikos Yu dey good to mi."

# 143

*Prayer For Help*
David Song
1 My God, make Yu hear my prayers;
make Yu listin as I dey pray!
Make Yu ansa mi, bikos Yu dey good
and evritin wey Yu dey do, dey rite.
2 Make Yu nor judge mi yor savant,
bikos evribody dey guilty for yor front.
3 My enemies don porshu mi.
Dem don nak mi fall kon force mi stay for darkness
like pipol wey dey grave.
4 I nor get hope again
and fear don break my body finish.
5 I remember before-before as I dey tink about all yor great works
and doz tins wey Yu don do.
6 I lift my hands and pray to Yu.
Just as dry land dey hongry for rain,
na so too I dey hongry to si Yu.
7 So, my Oga God,
make Yu kwik kom ansa mi, bikos my wahala dey worse evriday.
Make Yu nor turn from mi,
if not, I go die.
8 Evry morning, make I dey hear about yor love wey nor dey fail,
bikos I trust Yu.
Make Yu show mi where to go,
bikos I don give mysef to Yu.
9 Oga God, make Yu save mi from my enemies;
bikos I run kom meet Yu make Yu hide mi.
10 Make Yu tish mi to do wetin Yu wont,
bikos Yu bi my God
and make yor Holy Spirit guide mi as I dey waka.
11 My God, make Yu save mi,
bikos of di glory wey dey yor name.
Save mi from dis wahala,
bikos of yor faithfulnes.
12 Use yor love wey nor dey fail, take silent all my enemies kon distroy dem,
bikos I bi yor savant.

# 144

*Di King Tank God*
David Song
1 I go praiz God wey bi my rock,
bikos na-im dey protet mi.
Na-im train my hand for war

kon give mi pawa to fight.
2 E love mi and E dey protet mi.
Na inside am I dey hide put
and na-im bi di Pesin wey dey diliver mi.
Na-im dey kover mi and di Pesin wey dey save mi.
Na God dey make pipol obey mi.
3 My God, na who wi bi wey Yu dey kare for us like dis?
Na ordinary human being Yu dey kare for so?
4 Wi just bi like air wey dem dey breath;
awa days bi like shadow wey dey fade go.
5 Oga God, make Yu open di heavens kon kom down.
Make Yu tosh di mountins, so dat smoke go kom out.
6 Make Yu shine yor lite kon skata yor enemies!
Make Yu shot yor arrow kon konfuse dem!
7 Kom down from heaven make Yu save mi;
kom save mi from di deep wota and from my enemies pawa.
8 Na lie-lie full dia mout; dem swear sey dem go tok di trut,
but na lie dem just dey lie.
9 My God, I go sing new song to Yu!
I go use jita wey get ten rope take sing and praiz Yu.
10 Bikos Yu don give yor kings viktory
kon save yor savant David from en enemies swod.
11 Save and diliver mi from my enemies pawa,
bikos na lie-lie full dia mout
and even doh dem swear sey dem go tok trut,
na lie dem still dey tok.
12 Make awa sons prosper for dia yong age
like betta plant wey dem put fertaliza.
Make awa dotas bi like betta pila
wey dem karve for palis.
13 Make difren-difren food full awa store house.
Make di animals wey dey awa land dey plenty more-more.
14 Make awa melu karry many propaty as dem dey kom.
Make no enemy break enter awa wall
kon katch us and make peace dey awa town.
15 Yes! Di pipol wey dis kind tin dey happen to, go happy!
True-true, doz wey God bi dia God, go happy well-well.

# 145

*Praiz Song*

David Song

1 I go honor Yu wey bi my God and King kon praiz yor name forever and ever.
2 I go praiz Yu evriday.
Yes! I go praiz Yu forever.
3 God dey great! Na only en wi suppose to dey praiz!
Nobody fit measure as E big rish.
4 Make evribody tell dia shidren-shidren about God mighty pawa;
make dem tok about evritin wey Yu don do.
5 I go always dey tink of yor majesty,

yor wonderful works and all yor mirakles wey yu do.
6 I go always dey tok about di wonderful tins wey Yu dey do
and I go tell evribody about di great tins wey Yu don do.
7 Evribody go tok di story about di wonderful tins wey Yu don do;
dem go sing with joy about yor raitiousness.
8 God get mesi and dey sorry for pipol!
E nor dey kwik vex and en love nor dey ever fail.
9 God dey good to evribody.
E dey sorry for evritin wey E kreate.
10 So Oga God, all yor works go tank Yu and di pipol wey bilive Yu,
go praiz Yu.
11 Dem go tok about di glory wey dey yor kingdom;
dem go tell pipol about yor pawa.
12 Dem go tok about di wonderful tins wey Yu don do
and about di majesty and glory wey Yu take dey rule,
13 bikos yor kingdom go dey forever and ever.
Yu dey rule from one generashon
go rish anoda.
14 God dey help pipol wey don fall
kon support doz wey dia load too heavy to karry.
15 So my God, evritin dey look up to Yu
and Yu dey give dem dia food wen dem wont am.
16 Wen Yu open yor hand,
doz wey dey hongry and nid wota,
Yu dey make dem beleful.
17 God dey rite for evritin wey E dey do;
na goodness full en body.
18 God dey klose to all di pipol
wey dey koll am for help;
Yes! E dey klose to evribody
wey dey koll am with klean mind.
19 Pipol wey dey fear am, E dey give dem wetin dem wont;
E dey hear wen dem dey kry for help kon save dem.
20 God dey protet all di pipol wey love am,
but E dey distroy wiked pipol.
21 So, I go praiz God
and make evribody for eart bless en holy name forever and ever.

# 146

*Praiz God Wey Dey Save Us*

1 Praiz God!
My soul, make yu praiz God.
2 I go praiz God as long as I dey alive.
Even if I dey die, I go sing praiz to God.
3 Make yu nor trust pipol wey get pawa;
bikos dem nor go fit help yu.
4 Wen dem don die,
dem go-go back to di groun and all dia plans go die with dem.
5 But pipol wey Israel God bi dia helpa and hope,
dey inside di Oga God and na joy dey follow dem.

6 Na God make heaven and eart, di sea and evritin wey dey inside dem.
E dey keep all di promise wey E make.
7 Pipol wey dem dey opress,
E dey judge dia kase well and dey feed doz wey dey hongry.
God dey free pipol wey dey prison.
8 God dey open blind pipol eyes
kon karry doz wey dey weak, go up.
God love pipol wey dey fear am.
9 God dey guide di strenjas among us.
E dey kare for pipol wey nor get papa and mama
and wimen wey dia husband don die,
but E dey ponish wiked pipol with dia wiked plans.
10 So God go rule forever.
Jerusalem pipol, E go bi una God
from one generashon go rish anoda.
So, make wi praiz awa God!

# 147

*Praiz God Wey Get Pawa*

1 Make wi praiz God!
Si as e dey good to sing praiz God!
Yes, na to praiz God bi di rite tin to do!
2 God dey ribuild Jerusalem and E go bring en pipol
kom back to Israel from di land where dem dey.
3 E heal pipol wey dia heart don break
kon trit dia sore.
4 E dey kount
and koll di stars by dia names.
5 Si as awa Oga God big rish!
En pawa dey wonderful!
Nobody fit undastand how God take dey know tins!
6 God dey support pipol wey nor dey karry body up,
but E dey kill wiked pipol trowey.
7 So, make una sing tank God;
make una use harp take sing praiz awa God.
8 E kover di heavens with kloud kon make rain fall for di eart,
den E make grass grow on-top mountins.
9 E dey give food to wild animals
kon feed di yong birds wen dem dey kry.
10 E nor kare about di pawa wey horse get
or di one wey human being get.
11 No! But God dey happy for pipol wey dey fear and obey am;
doz wey put dia hope for en love wey nor dey fail.
12 So, Jerusalem pipol!
Make una praiz God!
Pipol for Zion, make una gi-am all di praiz!
13 Bikos E don make di iron for una gate strong
kon bless all una shidren.
14 E send peace kom una land
kon make una chop betta food.

15 E send en laws kom di world;
so make una si as en word kwik kom meet una!
16 E send snow kom like as wool dey fall;
E skata snow for groun like ashes.
17 E trow big-big stones with fire kom di eart.
So, na who fit stand face God kold breeze
wey fit turn pesin to ice-blok?
18 But as E kommand, di kold breeze and ice-blok kon melt.
E send en breeze and di ice-blok kon turn wota.
19 E don show Jakob en word,
kommands and rules for Israel pipol.
20 E neva do like dis for any oda nashon;
no oda nashon know en rules and kommand.
So make wi praiz God!

# 148

*Make Evribody Praiz God*

1 Make wi praiz God!
Make wi praiz God from heaven!
Make wi praiz am from di sky!
2 Make all en angels praiz am!
Make all di sojas for heaven, praiz am!
3 Make di sun and di moon, praiz am!
Make all di stars wey dey shine, praiz am!
4 Make di sky, praiz am!
Make all di wota wey dey di kloud for up, praiz am!
5 Make evritin wey God kreate, praiz am,
bikos E just kommand and evritin kon dey as dem dey.
6 E put dem for where dem dey forever and ever.
Nobody fit tok against en kommand.
7 Make all di tins wey dey inside di sea
and di ones for land, praiz God.
8 Make big-big stones with fire,
snow and kloud, wind and weda, obey am.
9 Mountins and all di hills;
trees and all di cedars;
10 wild animals and ordinary animal; animals
wey dey creep for groun and birds;
11 kings for di eart and all di pipol;
doz wey dey rule and judge di eart;
12 yong men and yong wimen; old men and shidren,
make all of dem praiz God.
13 Make all of dem praiz God name.
Bikos en name dey great and en glory dey shine
for di whole eart and for heaven!
14 E don make en pipol strong kon honor pipol wey dey obey am
and na dem bi Israel pipol wey dey klose to am.
So make wi praiz God!

# 149

*Praiz Song*

1 Make wi praiz di Oga wey bi awa God
kon sing new song to am.
Make wi sing praiz am
for where en pipol gada put.
2 Israel pipol, make una happy bikos of di Pesin wey kreate una.
Jerusalem pipol, make una praiz God well-well.
3 Make una dance praiz en name with sheke-sheke and jita,
4 bikos God like en pipol and doz wey honbol demsef,
E dey make dem win.
5 Make doz wey dey fear am, happy, bikos E go fight for dem!
Make dem shaut for joy as dem dey sleep for dia bed!
6 As dem hold swod wey get two mout for dia hand,
make dem praiz God,
7 so dat dem go fit revensh dia enemies
kon ponish di strenjas.
8 Dem tie dia enemies kings with shains
and dia priests with iron
9 and dem dey judge dem just as dem rite am.
God go fight for evribody wey dey serve am!
So make wi praiz di Oga wey bi awa God!

# 150

*Praiz God*

1 Make wi Praiz God!
Make wi praiz am for en temple;
make wi praiz am for di sky wey dey tok about en great pawa!
2 Make wi praiz am for di big-big tins wey E dey do;
make wi praiz am, bikos en greatness good pass evritin!
3 Make wi praiz am with trumpet sound;
make wi praiz am with jita and harp!
4 Make wi dance praiz am with sheke-sheke;
make wi praiz am with jita and flute!
5 Make wi dey nak cymbals togeda as wi dey praiz am.
Yes! Make wi praiz am with loud cymbals.
6 Make evritin wey dey alive, sing praiz God.
Make evribody praiz God!

# Proverbs
## Introdushon

Israel pipol undastand sey God don place orda for di world wey E make. Proverbs kontain di tins thru di wise-wise words wey awa wise grand-papa dem tok. Na King Solomon rite many of dis words bikos God gi-am wisdom (1 Kings 4:29-34). Most of di proverbs na to help yong pipol know how to live for di world, so dat dem nor go make mistake. Dem tish pipol how dem go follow di good way wey go make dem prosper, get good health and sekurity. As di book dey end, di words wey Agur tell en friends and King Lemuel mama tish am about how kings suppose to rule, kon dey important but na wetin a good wife bi like naim end all di good advise for di book.

*Solomon Wise Words*

1 Solomon, David pikin wey bi king for Israel, na-im rite all dis wise
word. 2 E rite dem so dat pipol go get wisdom, undastandin and good
advise.

3 Dis words go tish una how to live betta life,
to dey honest and to dey tok trut and korrect word.
4 Dis words fit make pesin wey nor know anytin get sense
and e go tish yong men how to work and get money.
5 Make doz wey get sense listin to dis words kon wise more
and make e guide doz wey get undastandin,
6 so dat dem go fit undastand proverbs, parabols
and wetin wise pipol dey tok.

*Advise For Yong Men*

7 For yu to get wisdom, yu most fear God,
but na only foolish pipol dey rijet wisdom and good advise.
8 My pikin, make yu listin wen yor papa dey korrect yu
and follow wetin yor mama dey tish yu,
9 bikos wetin dem dey tish yu go bi like betta shain for yor neck
and betta kap for yor head.
10 My pikin, wen sinnas tempt yu,
make yu nor fall for dem.
11 If dem tell yu sey, "Kom make wi go kill pesin!
Make wi just go attack some innocent pipol!"
Make yu nor listin to dem.
12 If dem sey, "Even doh di pipol dey alive and okay naw,
dem go die wen wi don deal with dem finish!
13 Den wi go si plenty good tins
karry kom awa house.
14 So, kom join us
make wi go divide wetin wi tif."
15 My pikin, make yu nor follow dat kind pipol
or go near dem at-all.
16 Bikos dem dey enjoy to do bad tin
and dem always dey ready to kill.
17 E nor dey good to set trap

wen di bird wey yu won katch dey look yu.
18 But pipol wey dey do like dat,
dey set trap for demsef and na di trap go kill dem.
19 Dis na wetin dey happen to pipol
wey play wayo take get propaty.

20 Wisdom dey koll pipol
for street and inside market,
21 e dey shaut dey koll dem
from di town gate and anywhere wey pipol gada put.
22 Pipol wey nor get sense, na how long una won take bi fool?
Na how long una won take wisdom do yeye?
Una nor won learn at-all?
23 How I wish una go gri listin,
den I for give una good advise kon share my wisdom with una.
24 I dey koll and invite una since,
but una nor gri listin or hear mi.
25 Una nor gri take my advise
or allow mi korrect una.
26 So, I go laf una wen una enter trobol
kon take una do yeye wen wahala start.
27 Dat time, trobol go kom meet una like heavy breeze
and una pain go sirious well-well.
28 Dat time, una go koll mi wey bi wisdom, but I nor go ansa.
Una fit go find mi for evriwhere, but una nor go si mi.
29 Una nor ever get wetin to do with wisdom
and una nor gri obey God.
30 Una nor wont my advise
or listin to mi wen I dey korrect una.
31 So, una go get wetin fit una and wetin una do,
go make una sick.
32 Pipol wey nor know anytin,
dey die bikos dem rijet wisdom
and distroshon go follow doz wey bi fool,
bikos dem feel sey wisdom nor koncern dem.
33 But anybody wey listin to mi,
go dey save and e nor go get rizin to fear.

# 2

### *Reward Wey Wisdom Dey Give*

1 My pikin, make yu listin to wetin I dey tish yu
and nor ever forget wetin I sey make yu do.
2 Listin to wetin dey wise
and try make yu undastand am.
3 Yes, make yu beg for wisdom
and yu go get undastandin.
4 Find am well-well,
just as yu go take look for silva or oda good tins.
5 If yu do like dat, yu go know wetin e mean to fear God
and yu go susid as yu dey learn about God.

6 Na God dey give wisdom!
Na from en mout knowledge and undastandin dey from kom.
7 E dey help and protet
raitious and honest pipol.
8 E dey protet pipol wey dey trit odas well
kon guide doz wey dey respet am.
9 So, if yu listin to wetin I dey tok;
yu go know wetin dey rite, true and korrect,
den kon know wetin yu suppose do.
10 Yu go dey wise and di sense wey yu get
go give yu happiness.
11 Di sense and undastandin wey yu go get,
go protet yu.
12 Wisdom go save yu from wiked pipol;
from doz wey dey lie well-well.
13 From pipol wey live good life before
dem bigin do bad-bad tins;
14 and dem dey happy to do
yeye and wiked tins.
15 E go still save yu from pipol
wey dem nor fit trust;
16 from ashawo wimen wey get sweet mout
and doz wey won sleep with yu.
17 Dis kind woman nor dey faithful to en husband
and e don forget di holy promise wey e make.
18 If yu go en house,
yu just won kill yorsef bi dat.
19 Nobody wey go visit am, dey kom back alive.
True-true, e nor go ever kom back to life again.
20 So, make yu follow wetin good pipol dey do,
so dat yu go fit live betta life.
21 Raitious pipol and doz wey get respet
go stay for di land wey bi awa own.
22 But just as dem dey rut plant komot for groun,
na so God too go porshu wiked pipol
kon rut sinnas komot from di land.

# 3

*Advise For Yong Men*

1 My pikin, make yu nor forget wetin I tish yu
and always remember wetin I sey make yu dey do.
2 Wetin I tish yu
go make yu prosper and get long life.
3 So make yu always get faith and dey honbol;
tie trut and mesi round yor neck kon rite dem for yor heart.
4 If yu do like dat,
both God and human being go dey happy and favor yu.
5 Make yu always dey trust God with all yor heart,
but nor trust wetin yu tink sey yu know.
6 Always dey remember God kommand for anytin wey yu dey do,

den E go show yu di korrect way.
7 Nor tink sey yu wise pass di way yu bi,
but just obey God and nor do bad tins.
8 If yu do like dis,
yor body go dey okay and yor bones go strong well-well.
9 Honor God with yor money
kon offa di first fruit wey yu harvest from yor farm gi-am.
10 If yu do so, korn go full yor store
and yu go get plenty wine to keep.
11 My pikin, if God korrect yu,
listin well and take am as warnin.
12 Bikos God dey korrect only di pipol wey E love,
just as papa dey korrect di pikin wey e dey proud of.
13 Pesin wey wise and get undastandin,
na happiness go bi en own.
14 Undastandin get gain pass silva
and e betta pass gold.
15 Wisdom get value pass gold
and e nor get anytin wey yu fit use take kompare am.
16 E go give yu long life,
plenty propaty and honor.
17 E go still make yor life sweet
and yu go dey save.
18 Wisdom na tree wey dey give life
and e dey make pipol wey kom meet am, happy.
19 God kreate di eart with en wisdom
and na en undastandin E take make di heavens.
20 Na en wisdom make river dey flow
and na-im dey make kloud bring rain kom di eart.
21 So my pikin, whole di wisdom and undastandin wey yu get well
and yu nor ever let dem live yu.
22 Dem go make yu live sweet and happy life.
Dem go bi like betta shain for yor neck.
23 Dem go make yu dey save for anytin wey yu dey do
and yu nor go ever fall.
24 Fear nor go katch yu wen yu dey sleep
and yu go sleep well still day break.
25 Yu nor nid to worry about wahala wey go just happen,
just as e dey go meet wiked pipol.
26 God go save yu
and E nor go let trap katch yu.
27 Anytime wey yu fit,
make yu do good to pipol wey nid am.
28 Nor ever tell yor neighbour make e wait till tumoro,
if yu know sey yu fit help am naw.
29 Nor ever plan bad against yor neighbour,
bikos doz wey dey stay near yu, trust yu.
30 Nor argue with pesin just bikos yu won argue,
wen yu know sey e nor do yu bad.
31 Nor jealous or bigin bihave like pipol
wey like wahala well-well,

32 bikos God hate pipol wey dey do evil,
but E dey draw raitious pipol near body.
33 God don curse wiked pipol house,
while blessings full raitious pipol own.
34 God nor get wetin E won do with proud pipol,
but E dey favor pipol wey dey honbol.
35 Pipol wey wise go get good name,
but fools go only add trobol join dia disgrace.

# 4

*Why Wisdom Good*

1 My pikin, make yu listin to wetin yor papa dey tish yu;
put yor ear down and yu go undastand.
2 Remember evritin wey I dey tish yu,
bikos dem dey good.
3 Wen I still bi small boy for my papa house
and as my mama only pikin,
4 my papa go tell mi, “Make yu always remember wetin I tish yu.
Do wetin I tok and yu go get long life.
5 Ask for wisdom and undastandin!
Nor forget or abandon wetin I tok.
6 If yu love wisdom, e go protet yu;
if yu love am well-well, e go save yu.
7 Na wisdom bi di best tin to get.
If yu go get any oda tin, make e bi undastandin.
8 Love wisdom and e go make yu great;
draw am near body and e go bring respet for yu.
9 Wisdom go give yu grace,
e go bi like fine crown for yor head.”
10 So my pikin! Make yu listin to mi;
make yu take evritin wey I dey tell yu sirious,
den yu go get long life.
11 I don tish yu wisdom
and di korrect way to live yor life.
12 Nor-tin go stand for yor way if yu dey live wise life,
den yu nor go fall wen yu dey run.
13 Make yu always remember evritin wey yu don learn,
bikos na wetin yu learn go give yu good life,
so make yu guide am well-well.
14 Nor go where wiked men gada put
or follow wetin dem dey do.
15 Nor do or go near bad tin!
Make yu rijet am kon go yor way.
16 Wiked pipol nor dey fit sleep until dem do bad tin.
Dem nor go gri rest until dem wound pesin.
17 Wikedness and wahala
bi like food and drink to dem.
18 Raitious pipol ways bi like sun for morning
wey dey shine well-well go rish evening.

19 But wiked pipol road dark well-well;
dem go fall and dem nor go si wetin make dem fall.
20 So, my pikin, make yu hear wetin I dey tok
kon listin to my words.
21 Nor ever let dis words leave yu,
remember and protet dem with yor heart.
22 Bikos dem dey give life and betta body
to anybody wey undastand dem.
23 Make yu dey kareful about wetin yu dey tink,
bikos na wetin yu tink for yor heart, yu go do.
24 Nor ever lie.
Nor do anytin with pipol wey dey lie
or tok bad words.
25 Make yu look strait and nor bow yor head,
bikos yu dey shame.
26 Anytin wey yu won do, make yu plan am well,
den evritin wey yu do go dey okay.
27 Make yu run from bad tins kon waka for strait road,
so dat yu nor go turn go left or rite.

# 5

*Warnin Against Bad Tins*

1 My pikin, make yu listin to my wisdom
and put yor ear down for di words wey I dey tish yu.
2 Den yu go know how to bihave well and di way yu go dey tok,
go show sey yu get wisdom.
3 Anoda man wife lip fit sweet like honey
and en kiss dey smooth like oil,
4 but wen evritin don finish,
yu nor go gain anytin inside escept pain and bitterness.
5 Di woman go take yu go where dead body dey,
bikos dat road dey lead to deat.
6 Di woman nor dey tink about di road wey dey save;
e dey waka lost but e nor know.
7 But my pikin, make yu listin to mi
and nor forget wetin I dey tok.
8 Run from dat kind woman;
nor even go near en door.
9 If yu follow am, nobody go respet yu again
and strenjas go take evritin wey yu get.
10 Yes! Strenjas go take all yor propaty
and anoda pesin go kollect evritin wey yu work for.
11 Den for di end, yu go kry with pains
kon die go like dat.
12 Den yu go sey, “Why I nor follow wetin dem tish mi?
Why I nor let dem korrect mi?
13 Why I nor obey my tishas!
Why I nor do wetin dem tok?
14 Naw, na wons
dem disgrace mi for publik.”

15 Just as yu go take wota from yor own well,
na so too make yu dey faithful and love only yor wife.
16 Make yu nor just bi like river
wey anybody fit drink from.
17 Make yu keep yorsef for yor wife alone
and know bi for strenjas.
18 So always dey happy with yor wife
and find joy for di woman wey yu marry from di biginnin,
19 bikos e fine and dey honbol like deer.
Make en smile dey make yu happy
and make en love satisfy yu.
20 My pikin, why yu go-go give yor love to anoda woman?
Wetin make yu like di way anoda man wife bi?
21 God dey si evritin wey yu dey do
and E know evriwhere wey yu dey go.
22 Wiked man sins na trap,
bikos na en own sin net, go katch.
23 E go die bikos e nor fit kontrol ensef.
Na en yeye life go send am go en grave.

# 6

*More Warnin*

1 My pikin, if yu gri
sey yu go pay di debt wey yor friend owe
2 and dem kon owe yu
for di promise wey yu make,
3 make yu follow dis my advise,
so dat yu go free yorsef,
bikos yu don fall enter yor neighbour hand bi dat.
Just go honbol yorsef and beg yor neighbour,
so dat e go free yu.
4 Make yu do as I tell yu before sleep go katch yu!
Nor rest until yu do am.
5 Just try komot yorsef from di trap like bird wey komot from trap
or like deer wey eskape from hunta.
6 Lazy pipol, make una learn lesin from di way ant
dey live dia life.
7 Dem nor get leader,
govnor or who dey rule dem,
8 but dem dey store dia food for dry sizin,
dey wait for wen rainin sizin go start.
9 But na how long lazy man go take dey liedan for en bed?
Wen e go ever get up?
10 E go sey, “Make I just sleep;
fold my hand and rest small.”
11 But as e dey sleep,
evritin wey e get go vanish like sey na tif karry dem go.
12 Wetin yuzles and wiked pipol bi like?
Na lie dem just dey lie waka.

13 Dem go use dia eyes take make sign
kon use dia legs and fingers take deceive pipol.
14 Na bad plans full dia heart
and na so-so trobol dem dey kause.
15 Bikos of dis, dem nor go know before wahala go kom meet
and distroy dem finish.
16 E get seven tins wey God hate
and E nor wont make anybody do dem and dem bi:
17 “Proud pipol;
doz wey dey lie;
doz wey dey kill innocent pipol;
18 pipol wey dey always tink bad tins;
pipol wey dey rush to go do wiked tins;
19 doz wey dey lie for anoda pesin head
and pipol wey dey kause trobol among dia friends.”
20 My pikin, make yu do wetin yor papa tell yu
and nor ever forget wetin yor mama tish yu.
21 Always keep and lock dia words for yor heart!
Tie dem round yor neck too.
22 Wetin dem tish yu so,
go lead yu wen yu dey waka,
protet yu for nite
kon give yu good advise for day time.
23 Wetin dem sey make yu do, bi like lite
and dia korreshon go fit tish yu how to live yor life.
24 E go keep yu from bad wimen
and from di sweet-sweet words wey oda men wife dey tok.
25 Nor let dia beauti tempt yu
and nor let dia wayo eyes make yu fall.
26 Bikos to sleep with ashawo fit make man poor,
but to sleep with anoda man wife go make yu luz yor life.
27 Yu fit put fire for yor chest
make e nor burn yu?
28 Abi yu fit waka on-top hot shako
make e nor burn yor leg?
29 Na so e go bi too,
if yu sleep with anoda man wife
and anybody wey do dat kind tin,
go sofa.
30 Pipol fit sorry for pesin wen e tif
bikos e dey hongry
31 but if dem katch am,
e must pay back wetin e tif seven times,
even if e nid to sell evritin wey e get.
32 But man wey dey sleep with anoda pesin wife,
nor get sense at-all
and e just dey distroy ensef by ensef.
33 Pipol go hate, beat and disgrace am
and shame go follow am forever.
34 Bikos jealousy dey make husband vex well-well

and e nor dey show mesi wen e won revensh.
35 E nor go gri take any money
and no amount of gift go stop en vexnashon.

# 7

*Warnin Against Ashawo*

1 My pikin, make yu remember wetin I dey tok;
nor forget wetin I sey make yu do.
2 Do wetin I tok and yu go get good life!
Protet all wetin I tish yu just as yu go protet yor eye.
3 All wetin I tish yu,
make dem always dey with yu
and make yu rite dem for yor heart.
4 Trit wisdom like yor sista
and undastandin like yor best friend.
5 Dem nor go make yu put eye for anoda man wife body
and wimen wey get sweet mout.

6 One day,
I dey look outside from my window
7 and I si many men wey nor get sense,
but I notis one among dem wey foolish well-well.
8 E dey waka pass one road near di korna wey one woman dey stay.
E waka near en house
9 for evening wen day don dark well-well.
10 Den di woman go meet am;
e dress like ashawo and e get bad plan for mind.
11 Di woman dey tok anyhow and e nor dey shame,
bikos e dey always waka for di street
12 or stand dey wait for korna and sometaims,
e go dey di market side.
13 E trow en hand round di yong man neck,
kiss am, look strait enter en eye kon sey,
14 "I get fresh meat for house and today,
I don do wetin I promise.
15 Na dis make mi kom out kon look for yu
and I don si yu!
16 I don dress my bed with fine kolour linen
wey I bring from Egypt.
17 I don put myrrh, aloe and cinnamon perfume
for di bed.
18 So, make yu kom!
Make wi go sleep togeda till day break
and wi go enjoy awasef.
19 Bikos my husband nor dey house;
e don travel go far-far place.
20 E karry plenty money follow body
and e nor go kom back until mont end."
21 So e tempt di man with en beauti
and di man fall for en sweet tok.

22 Small time, e bigin follow am like melu wey dem won go kill
and like animal wey waka fast enter trap
23 where arrow go for enter en heart.
E bi like bird wey dey enter net
and e nor know sey en life dey danger.
24 So naw, my pikin, make yu listin
and hear wetin I dey tok.
25 Nor let dat kind woman win yor heart;
nor run follow am at-all.
26 Bikos e don skata many life
and distroy and kill many men.
27 If yu enter en house, den deat dey hongry yu,
bikos na short kut to deat bi dat.

# 8

*Blessing Dey Wisdom*

1 Make una hear mi!
Wisdom dey koll pipol and undastandin wont make dem hear en vois.
2 Dem dey on-top di hill near di road!
Dem stand for di oda side for di road.
3 Dem dey near di gate dey koll pipol
wey dey enter di town sey:
4 "Wi dey beg and koll evribody
wey dey di world.
5 Una wey nor know anytin, make una get wisdom.
Una wey nor wise at-all, make una try get sense.
6 Make una listin to mi!
I get betta words to tell una and na di rite words I dey tok so.
7 Wetin I dey tok so, na trut;
bikos I nor dey lie.
8 Evritin wey I tok na true;
I nor dey lie or dey lead una go die.
9 My words dey klear and evribody wey get wisdom,
go undastand dem.
10 Instead of silva, make una take my words;
make una choose wisdom, instead of di gold wey fine pass.
11 Na mi bi wisdom; I betta pass gold;
nor-tin una wont wey good each mi.

12 I bi wisdom and I get sense well-well;
I still get knowledge and I dey judge well.
13 If to sey una dey fear God,
den una go hate bad tins.
I hate pride, pipol wey dey tok anyhow,
bad-bad tins and lie-lie words.
14 Kommon sense and suksess na my own.
Na mi get undastandin and pawa.
15 I dey help kings rule well
kon make rulers give korrect laws to dia pipol.
16 All di ruler for dis world dey rule with my help,
even ofisas and prince dem too.

17 I love only doz wey love mi;
anybody wey dey look for mi, go si mi.
18 I get propaty, honor,
betta life and suksess to give pipol wey wont am.
19 Anytin wey una get from mi,
betta pass di gold wey fine pass and silva wey pure well-well.
20 I dey follow korrect judgement
and I always dey do wetin dey rite,
21 and doz wey love mi,
I dey give and pak propaty full dia house.
22 From biginnin, na mi God first kreate,
before E kreate evry oda tin.
23 God kreate mi before di world start.
Na mi E first give life to.
24 Dem born mi before God make di sea
or kreate wota.
25 Dem born mi before God make di mountins,
even before E put di hills for where dem dey.
26 I dey before God kreate di eart,
en fields or even di first san.
27 I dey der wen E put di sky for where e dey
kon draw di boundary between eart and sea.
28 I still dey wen E put di kloud for sky;
open di wota for di sea
29 kon orda sey make di wota wey dey di sea nor full pass as E kommand am.
I dey der wen God lay di eart foundashon.
30 I dey near am like pesin wey dey design house before dem build am.
Na mi dey make am happy evriday and I dey happy for en present.
31 I dey dance for di world wey E kreate
kon dey happy with human being too.
32 So, make yong pipol listin to mi naw
kon do wetin I tok and dem go dey happy.
33 Make una listin to wetin I dey tish una kon get sense.
Make una nor rijet dem.
34 Make blessing follow di pesin wey dey listin to mi.
Evriday, e dey wosh my gate and dey wait mi outside my house.
35 Doz wey find mi, go get life
and God go favor dem.
36 But doz wey nor find mi, dey wound demsef
and anybody wey hate mi, love to die."

# 9

*Wisdom And Foolishness*

1 Wisdom don build en house
with seven pilas.
2 E don kill animals to take do party,
mix spice for inside di wine kon put am for di tabol.
3 E send en savant go announce
on-top di mountin for di town sey:

4 “Pipol wey nor know anytin, make una kom inside!”
Den e tell doz wey foolish sey,
5 “Make una kom chop my food
and drink di wine wey I mix.
6 Make una komot from where fools dey and una go get life.
Make una kom follow wisdom waka.”
7 If yu korrect proud pipol, dem go curse yu!
Anybody wey try to tok to wiked pipol, dem go still curse am.
8 So, nor ever korrect proud pipol, bikos dem go hate yu;
but if yu korrect wise pesin, e go respet yu forever.
9 Anytin yu tell wise pesin go make am wise more-more.
Anytin yu tell raitious pipol go give dem undastandin.
10 If yu won get wisdom, yu go first fear God.
If yu know di One wey dey holy, den yu don get undastandin.
11 Wisdom go add more years to yor age.
12 Na yu go gain if yu get wisdom,
so even if yu rijet am, na yu go still sofa am.
13 Foolishness bi like woman wey nor know anytin at-all,
nor get shame at-all and wey dey tok anyhow.
14 Di woman go sidan for front of en house
or for chair for di side wey high pass for di town
15 kon dey koll pipol wey dey waka pass;
pipol wey dey mind dia own business sey,
16 “Pipol wey nor get sense, make una kom inside!”
Den e go tell foolish pipol,
17 “Wota wey dem tif dey sweet well-well
and bread wey dem tif chop, get betta taste.”
18 Doz wey fall for en trap nor know sey,
anybody wey enter en house go die
and doz wey don already enter don die since.

# 10

*Solomon Proverbs*

1 Dis na di wise words wey Solomon tok:
Shidren wey wise dey make dia papa proud,
but fools dey kause pain for dia mama.
2 Propaty wey yu use wayo take get nor go do yu any good,
but trut go save yu.
3 God nor go let honga kill good pipol
and E nor go allow wiked pipol get wetin dem wont.
4 Lazines go make yu poor,
but hard work go make yu get money well-well.
5 Pesin wey get sense dey plok en fruit for di rite time;
but na disgrace for pesin to dey sleep for harvest time.
6 Blessing dey follow good pipol,
but wiked pipol words dey put dem for trobol.
7 Pipol go remember good pesin bikos of di good tins wey e do,
but dem go soon forget wiked pesin forever.
8 Pipol wey get sense dey happy well-well wen dem advise dem,
but foolish pipol words go distroy dem.

9 Pipol wey dey tok trut dey save and sikure,
but wayo pipol dey waka enter trobol.
10 Pesin wey dey hide di trut dey kause trobol,
but pesin wey dey tok am for publik,
dey work for peace.
11 Good pesin word dey give long life,
but wiked pesin word dey put am for trobol.
12 Na only trobol bad belle dey kause,
but love dey kover evry sin.
13 If pesin get sense, e dey show wen e dey tok,
but if yu dey foolish, na stik dem go take beat yu.
14 Wise pipol dey kollect all di wisdom wey dem fit get,
but wen yu hear foolish pipol dey tok,
yu go know sey trobol nor dey far from dem.
15 Money dey protet rish pipol,
but poverty dey distroy poor pipol.
16 Na life bi di reward to do good,
but sin dey put pesin for more trobol.
17 Pipol wey dey listin if dem korrect dem go get long life,
but doz wey nor dey gri sey dem dey wrong,
dey waka lost.
18 Anybody wey pritend sey e like pesin,
dey lie and anybody wey dey lie waka, na fool.
19 Too mush tok dey make pesin sin,
but wise pesin nor dey tok anyhow.
20 Di words wey betta pesin tok bi like pure silva,
but wiked pipol words dey yuzles.
21 Many pipol dey gain from word wey betta pesin tok,
but stupid word fit kill pesin.
22 Wen God bless pesin, e dey get enough
and nor-tin go make am regret.
23 Foolish pipol dey enjoy di bad tins wey dem dey do,
but pipol wey get sense, dey happy to get wisdom.
24 Raitious pipol dey get wetin dem wont,
but wetin wiked pipol dey get, na di tin wey dem fear pass.
25 Wen heavy breeze dey blow, e go blow wiked pipol trowey,
but pipol wey dey tok trut, dey always dey save.
26 Nor allow lazy pesin work for yu,
bikos e go bi like betta wine for yor mout
or like smoke wey enter yor eye.
27 Obey God and yu go get long life;
bikos wiked pipol dey die before dia time.
28 Di hope wey good pipol get, dey give dem joy,
but wiked pipol, nor get wetin dem dey hope for.
29 God dey protet pipol wey dey tok trut,
but doz wey dey do bad tins, na distroshon bi dia own.
30 Raitious pipol go always dey save,
but wiked pipol nor go stay long for dis world.
31 Raitious pipol dey tok with sense,
but anybody wey dey tok bad tins, go die.

32 If yu obey God, yu go always know di rite words to tok.
But nobody go trust yu if yu always dey lie.

# 11

1 God hate pipol wey dey play wayo,
but E dey love doz wey dey do good tins.
2 E good to dey honest,
but na disgrace go follow proud pipol.
3 Na trut dey guide yu if yu dey good;
but pipol wey dem nor fit trust, na dia own wayo dey distroy dem.
4 Wen God won judge yu, yor money and propaty nor go fit help yu,
but na to obey God bi di only tin wey go fit save yor life.
5 Pesin wey dey good dey always do good tins,
but if yu dey do wiked tins, na yor own sin go distroy yu.
6 Raitiousness dey save doz wey dey tok trut,
but doz wey dem nor fit trust, na dia own bad plans, dey kill dem.
7 Wen wiked pipol die, dia hope dey die with dem,
bikos dem bilive on dia own pawa.
8 Pipol wey dey raitious, God dey protet dem from trobol;
but trobol dey always follow wiked pipol.
9 Doz wey nor know God, wetin dem dey tok, fit distroy pesin,
but di sense wey raitious pipol take dey tok, go save life.
10 Just as pipol dey happy wen good pesin dey prosper,
na so too dem dey happy wen wiked pesin die.
11 E go betta for any town wey raitious pipol bless;
but wiked pipol words go distroy am.
12 E too tok bad about odas, but if yu get sense,
yu go fit kontrol yor mout.
13 Pesin wey dey judge anoda pesin, nor go fit keep sekret,
but yu fit trust pesin wey dey tok trut.
14 Any nashon wey nor get who dey guide am, go fall,
but wen doz wey dey give yu good advise many, yu go prosper.
15 Trobol dey follow who promise to pay di money wey strenja owe.
So, e betta if yu nor put yorsef for di matter at-all.
16 Dem dey respet woman wey dey respet pipol,
but even with all di propaty wey wiked men get,
nobody dey respet dem.
17 Pesin wey good dey gain favor for ensef;
but wiked pipol dey bring trobol for diasef.
18 Wiked pipol nor get gain for anytin,
but reward dey for who dey do di korrect tin.
19 Anybody wey ready to live rite, go get life;
but pesin wey sey na bad tins e like to dey do, go die.
20 God hate pipol wey get bad mind,
but E love doz wey dey do di rite tin.
21 Make yu know sey God go ponish wiked pipol;
but na betta judgement go follow raitious pipol.
22 Fine woman wey nor get sense,
bi like ring wey dem put for pig nose and mout.
23 Wetin good pipol wont, dey bring good result;

but evribody dey vex if wiked pesin get wetin e wont.
24 Wen pipol give out dia money, dem dey get more;
but doz wey nor dey give, nor dey get at-all.
25 Make yu dey give and yu go prosper;
help odas and yu go get help.
26 Pipol go curse di pesin wey store en korn
dey wait who go buy am for high prize;
but dem go praiz doz wey sell am for di normal prize.
27 Dem go respet yu if yu get good mind;
but if yu dey look for trobol waka, na trobol go follow yu.
28 Doz wey trust dia propaty,
go fall like wetin harmattan breeze blow;
but raitious pipol go prosper well-well,
dem go bi like sun wey dey shine.
29 Pesin wey bring trobol kom meet en family,
nor go get anytin
and foolish men go always bi savant to wise pipol.
30 Raitious pipol fruit bi like tree wey dey give life,
but pesin wey dey prish give odas to turn kom meet God, get sense.
31 Doz wey good, dey get dia reward for dis world,
but na ponishment go follow pipol wey dey sin and do wiked tins.

# 12

1 Pesin wey dey happy wen dem korrect am, get wisdom,
but anybody wey dey vex wen dem korrect am, nor get sense.
2 God dey happy with good pipol,
but E dey kondemn doz wey dey plan wiked tins.
3 Wikedness nor dey pay pesin,
but nor-tin dey shake good pipol.
4 Good wife dey bring joy and pride to en husband;
but wife wey dey bring shame for en husband
bi like diziz for en bone.
5 Good pipol dey always tink good,
but make yu nor ever trust anytin wey wiked pipol tell yu.
6 Wiked pipol word dey kill,
but raitious pipol word dey save pipol.
7 Wiked pipol dey die trowey,
but doz wey dey fear God, dey get long life.
8 Dem dey praiz pesin wey get sense,
but nobody dey respet wiked pesin.
9 E betta make yu bi ordinary pesin wey dey work to chop,
dan to dey karry body up wen yu nor even get garri to soak.
10 Raitious pipol dey kare for dia animals,
but wiked pipol dey trit dia own anyhow.
11 Pesin wey dey work hard, always get plenty to chop,
but pesin wey dey porshu dis world tins, nor get sense.
12 Pipol wey bi tif dey jealous wetin odas tif,
but wetin raitious pipol get, dey rish dem,
bikos dem dey work for dia own food.
13 Wiked pipol words dey put dem for wahala,

but raitious pipol go eskape from trobol.
14 Wise word get gain
and hard work dey bring reward.
15 Foolish pipol dey always tink sey wetin dem dey do dey korrect,
but wise pipol dey listin to odas.
16 Foolish pipol dey kwik vex,
but wise men nor dey tok even wen dem curse dem.
17 Good witness dey tok trut,
but wiked pipol dey always lie.
18 Foolish pipol dey tok anyhow,
but wetin wise pipol tok, dey heal many wound.
19 Trut go last forever,
but lie-lie nor dey tey before evribody go know sey na lie.
20 Pesin wey dey tink so-so bad-bad tins, na wikedness full en heart,
but doz wey like peace, get joy for dia life.
21 Wahala nor fit kom meet doz wey dey fear God,
but na trobol dey always follow wiked pipol.
22 God hate pipol wey dey lie,
but E like doz wey dey tok trut.
23 Wise pipol nor dey karry body up,
but foolish pipol dey show dia foolishness.
24 Na only doz wey work hard go fit lead odas,
but lazy pipol go bi slave.
25 If pesin dey worry, e go make am sick,
but betta word go make yor body strong again.
26 Doz wey dey fear God dey advise dia friends well,
but wiked pipol dey lead dem enter wahala.
27 Lazy pipol nor even fit kook di animal wey dem katch,
but doz wey get sense, dey use evritin wey dem get, well.
28 Doz wey dey follow God, go get life
and dis way wey dem dey follow, nor dey kause deat.

# 13

1 Pikin wey get sense dey listin to en papa and mama word,
but doz wey dey foolish, nor dey take korreshon.
2 Wise word go put betta food for yor tabol,
but na only wahala wiked pipol go chop.
3 Doz wey dey kontrol dia tongue go get long life,
bikos anyhow word dey distroy tins.
4 Lazy pipol won get plenty,
but na small dem dey get,
while doz wey dey work hard, dey prosper.
5 Doz wey dey fear God nor like lie;
but na only shame and disgrace wiked pipol dey kause.
6 Na God dey guide innocent pipol,
but na sin dey kontrol wiked pipol.
7 Poor pipol dey bihave like sey dem get money,
but doz wey get money dey pritend sey dem poor.
8 Rish pipol fit pay anytin for dia life,
but nobody dey treaten poor man.

9 Doz wey dey fear God, na lite and joy full dia body,
but wiked pipol lite go soon kwensh.
10 To dey karry body up, dey kause wahala,
but doz wey dey take advise, wise well-well.
11 Money wey pesin play wayo take get kwik-kwik, dey disappear,
but di one from hard work dey last forever.
12 Wen wetin pesin hope for nor kwik rish en hand, di heart go sick,
but dream wey kom to pass, bi like tree wey dey give life.
13 Pipol wey nor dey listin to advise dey ask for trobol,
but doz wey dey respet di law, go susid.
14 Wise pipol word bi like wota wey dey give life
and doz wey asept am, dey run from deat.
15 Dem dey respet pesin wey get sense,
but sturbon pipol go distroy demsef.
16 Wise pipol dey tink before dem do anytin,
but foolish pipol nor dey tink
and dem dey happy sey dem foolish.
17 Na manaja wey nor get sense dey enter trobol,
but betta manaja dey bring progress.
18 If yu vex sey pipol dey korrect yu,
na poverty and disgrace go end yor life;
but dem go honor yu, if yu asept korreshon.
19 If pesin get wetin e wont, e dey sweet am well-well,
but na only fool nor dey gri stop di wiked tins wey e dey do.
20 Follow who get sense waka, so dat yu go get sense too;
but if yu waka with foolish pipol, na trobol go follow yu.
21 Doz wey dey like to sin, na trobol dey porshu dem,
but na blessing, raitious pipol go gain.
22 Good pipol dey leave propaty for dia grand-shidren,
but na doz wey dey fear God dey take evritin
wey wiked pipol die leave.
23 Poor pesin farm fit produce many food,
but wikedness dey make dem disappear.
24 Doz wey nor dey korrect dia shidren, hate dem.
But doz wey love dia shidren, dey always korrect dem with love.
25 Doz wey dey fear God, go get enough food to chop,
but na honga go kill wiked pipol.

## 14

1 Wise woman dey build en house,
but foolish woman dey skata en own with en hand.
2 Doz wey dey do wetin dey good, dey fear God;
but doz wey dey do wiked tins, nor dey fear am at-all.
3 Foolish words go make dem flog pesin,
but wise pesin words, go save en life.
4 If pesin nor get melu wey go work for en farm,
food nor go dey for am to chop,
but strong melu wey sabi work,
go make yor korn plenty.
5 Good witness nor dey lie,

but na lie-lie, wiked pipol dey tok.
6 Pipol wey karry body up dey find wisdom, but dem nor go si am,
but undastandin dey eazy for pesin wey get sense.
7 Make yu waka leave foolish pesin, if not,
yu nor go undastand wen wise pesin dey tok to yu.
8 Wise pipol know where dem dey go,
but foolish pipol dey deceive demsef.
9 Foolish pipol dey laf dia own foolishness,
but doz wey dey fear God,
dey know and ask for forgivenes.
10 As yu dey happy wen good tin happen to yu,
na so too e go bi wen pain kom.
Nobody go fit share dem with yu.
11 Dem go distroy wiked pipol house,
but doz wey dey fear God, go prosper.
12 Wetin pesin dey do fit dey korrect for en eye,
but e dey lead am to en grave.
13 Wen pesin dey laf, e go forget en pain,
but wen di happiness don end, di pain go kom back.
14 Just as doz wey dey judge odas dey get wetin dem deserve;
na so too good pipol dey get dia reward.
15 Doz wey nor get sense dey bilive evritin wey pipol tell dem!
But wise man dey wosh en step.
16 Wise pipol get sense and dem dey avoid wahala;
but foolish pipol dey waka enter trobol.
17 Pipol wey dey vex anyhow dey do foolish tins
and pipol hate doz wey dey deceive odas.
18 Doz wey nor get sense dey wear foolishness as klot for body;
but na wisdom bi wise pipol kap.
19 Wiked pipol go bow for good pipol;
dem go bow for doz wey dey fear God.
20 Poor pipol neighbours hate dem,
but rish pipol get many friends.
21 Na sin for yu nor to respet yor neighbour,
but doz wey dey help poor pipol,
na blessing go follow dem.
22 If yu plan to do bad, yu go lost;
but if yu plan to do good,
yu go get love and faithfulnes wey nor dey fail.
23 Good work dey bring gain,
but yeye word dey kause poverty!
24 Money na crown for wise pipol head;
but foolish pipol work,
dey only produce bad result.
25 Good witness dey save pesin life,
but wiked witness dey put pesin for trobol.
26 Doz wey dey fear God, dey save
and God dey guide dia shidren.
27 To fear God, na wota wey dey give pesin life
and e go help yu run from deat.

28 Di king glory na wen en pipol dey plenty more-more;
but prince wey nor get savants, nor get anytin.
29 Pipol wey get sense, dey kontrol demsef wen dem dey vex;
but doz wey dey kwik vex, dey show as dem foolish rish.
30 Wen peace dey yor heart, e go give yor body life;
but jealousy bi like diziz for pesin bone.
31 Doz wey dey opress poor pipol, dey kause God wey kreate dem,
but to help poor pipol, na to honor God.
32 Na trobol dey distroy wiked pipol,
but doz wey dey fear God, go get life afta dem don die.
33 Wisdom dey follow pesin wey dey fear God;
but yu nor fit si wisdom for where foolish pipol dey.
34 Wen pipol dey fear God, dia nashon go dey great,
but sin na disgrace to evribody.
35 Just as king dey happy for en wise savant,
na so too e dey vex for doz wey disgrace am.

# 15

1 Good ansa dey end vexnashon,
but yeye words dey kause kworel between pipol.
2 Wen wise pipol tok, pipol dey undastand well,
but na only yeye words dey kom out from foolish pipol mout.
3 God dey wosh evriwhere,
E dey wosh both good and wiked pipol.
4 Gentol word na tree wey dey give life,
but lie-lie tongue dey make di spirit weak.
5 Na only fool nor dey listin to en mama and papa word;
but anybody wey dey take korreshon, go get sense.
6 Pipol wey dey fear God, good tins dey always full dia house,
but wetin wiked pipol get, dey bring trobol.
7 Na good advise dey kom out from wise pipol mout;
but foolish pipol heart nor get anytin to give.
8 God hate wiked pipol sakrifice,
but E dey enjoy good pipol prayers.
9 God nor like evritin wey wiked pipol dey do,
but E love doz wey dey do good.
10 Anybody wey nor gri do wetin dey rite, go sofa well-well
and anybody wey nor like korreshon, go die.
11 Even Deat and Distroshon nor get sekret for where God dey,
tok-less of human being heart!
12 Doz wey dey laf pipol nor dey like korreshon,
so dem dey run from wise pipol.
13 Pipol dey smile wen dem dey happy,
but sorrow dey make dia spirit weak.
14 Wise pipol dey hongry to learn,
but foolish pipol dey enjoy wetin dem tink sey dem know.
15 Pipol wey get heavy heart, get plenty trobol;
but pipol wey dey happy, dey always celebrate.
16 E betta to get small propaty and still dey fear God,
dan to get evritin with many-many wahala.

17 E betta to chop vegitabol with pipol wey yu love,
dan to chop meat with pipol wey go fit kill yu.
18 Pesin wey dey kwik vex, naim dey first kause fight;
but kwayet pesin dey kwayet for evriwhere.
19 If yu dey lazy, tins nor go eazy for yu,
but if yu dey do wetin dey rite,
trobol go dey far from yu.
20 Shidren wey get sense dey always bring joy to dia papa;
but foolish shidren nor dey respet dia mama.
21 Foolishness dey make doz wey nor get sense happy;
but pesin wey get sense,
dey always do di rite tin.
22 Plans dey spoil wen good advise nor dey;
but many advise dey bring progress.
23 Evribody dey like good ansa,
but e dey good to tok di rite tin for di rite time!
24 Wise pipol dey waka for di road wey dey lead to life
and nor bi di one wey go take dem go grave.
25 God dey skata proud pipol house,
but wimen wey dia husband don die,
God dey protet dia propaty.
26 God hate evil plans,
but E like betta words.
27 Long-trot dey kill pesin family finish,
but doz wey hate bribe, go get long life.
28 Doz wey dey fear God, dey tink before dem tok;
but na only evil words full wiked pipol mout.
29 God dey far from wiked pipol,
but E dey hear raitious pipol prayer.
30 Happiness dey bring joy to pesin heart
and good news dey make pesin happy.
31 If yu listin well wen pipol dey korrect yu,
yu go dey wise and get sense.
32 If yu nor like korreshon, na yorsef yu dey do;
but if yu listin to korreshon, yu go always dey undastand.
33 To fear God, dey bring wisdom
and to honbol yorsef, dey bring honor.

# 16

1 Even doh wi fit make awa own plans,
na God get di final sey.
2 Yu fit tink sey yu dey always do di rite tin,
but na God know wetin dey rite to do.
3 If yu tell God make E bless evritin wey yu plan to do,
yu go susid.
4 Evritin wey God kreate get en purpose;
but na wahala, wiked pipol go get.
5 God hate pipol wey dey karry body up;
E nor go let dem eskape en ponishment.
6 If pesin dey honbol and faithful, God go forgi-am en sins.

If yu dey fear God, yu nor go gri do bad tins.
7 Wen pesin make belle sweet God,
even en enemies go like bi en friend.
8 E betta to dey honest even doh yu nor get plenty money,
dan to use wayo get plenty propaty.
9 Pesin fit make en own plan,
but na God dey direct anytin wey e go do.
10 Di king dey tok with authority wey God gi-am,
so make e make sure sey e dey judge well.
11 Make una nor dey play wayo wen una dey measure and sell tins give pipol,
bikos God nor like am.
12 Make kings nor like wiked tins,
bikos na korrect judgement dey make govment strong.
13 Kings dey always won hear di trut
and e go favor doz wey dey tok am.
14 Wise pesin go try make belle dey always sweet di king,
bikos if di king vex, somebody fit die put.
15 Wen di king favor pesin, e dey give life;
e bi like kloud wey dey bring rain for en sizin.
16 E betta well-well to get wisdom and undastandin,
dan to get gold and silva.
17 Doz wey good nor dey travel pass bad road; so look where yu dey go,
bikos e fit save or distroy yor life.
18 Pride dey bring distroshon
and sturbones fit kill pesin.
19 E betta make yu dey honbol and poor,
dan to join pipol wey dey karry body up
kon follow dem share di propaty wey dem tif.
20 Listin to wetin dem tish yu and yu go dey susesful;
make yu trust God, so dat blessing go follow yu.
21 Yu go no pesin wey wise and dey mature bikos of di undastandin wey e get.
As en word sweet rish, na so too e dey give pipol hope.
22 Wisdom bi like wota wey dey give life to wise pipol,
but na waste of time to go tish foolish pesin.
23 Wise pesin dey tink well before e dey tok;
so wetin e tok dey give pipol hope.
24 Good words bi like honey;
e dey sweet di soul kon make body strong.
25 Wetin pesin dey do, fit dey good for en eye,
but na deat dey end am.
26 Pesin wey wont sometin dey work well for am,
bikos e nid am.
27 Wiked pipol dey always look for how to wound odas;
even wetin dem dey tok fit burn and kill pesin like fire.
28 Wiked pipol dey do aproko waka;
dem dey kause trobol and break friendship.
29 Pipol wey dey kause wahala
dey deceive dia friends enter trobol.

30 Make yu dey kareful with doz wey dey look yu with bad eye,
bikos dem don already dey tink bad tin about yu.
31 Na long life bi raitious pipol reward
and to get white hair, na betta crown.
32 E betta to dey patient dan to bi strong warrior.
E betta make yu kontrol yorsef
dan to kontrol di whole town.
33 Wi dey plan as wi wont make tins bi,
but na only God dey choose wetin go happen.

# 17

1 E betta to chop dry bread with peace of mind,
dan to get plenty food for house with kworel.
2 Savant wey dey bihave well go get pawa for di house pass en oga yuzles pikin
and di savant go get share for di oga propaty.
3 Na fire dem take dey test gold and silva,
but na God dey test pesin heart.
4 Wiked pipol dey listin to bad advise and doz wey dey lie,
dey listin to lie-lie.
5 If yu dey laf poor pipol, den yu dey curse God wey kreate dem,
so pesin wey dey happy sey odas fall, God go ponish am.
6 Papa and mama dey-dey proud of dia grand-shidren,
bikos na shidren bi dia papa and mama crown.
7 Since betta words nor fit kom out from fool mout,
how e go bi for leaders wey dey lie.
8 Some pipol tink sey bribe dey work like majik;
dem bilive sey e fit do anytin wey dem wont.
9 If yu wont make pipol like yu, den forgive dem if dem do yu bad.
Remember sey bad tin fit skata friendship.
10 Pesin wey get sense dey take korreshon
if dem korrect am wons,
but foolish pesin go only take korreshon
afta dem don beat am well-well.
11 Deat go kom meet wiked pipol
wey dey always kause trobol.
12 E betta make wiked animal attack pesin,
dan to listin to wetin foolish pesin dey tok.
13 If yu use bad take pay good,
den bad tin nor go ever komot from yor house.
14 To start kworel bi like wen yu leave wota make e dey rush;
so e go good make yu stop am, before e go kause big wahala.
15 God nor like pipol wey dey defend wiked pipol
and kondemn doz wey dey innocent.
16 Foolish pesin nor get time to spend en money to get wisdom,
bikos e nor undastand wetin wisdom bi.
17 Betta friend dey always show en love
and yor relashon go always dey with yu wen yu dey face wahala.
18 Na only pesin wey nor get sense
go promise to pay anoda pesin debt.

19 Pesin wey like to dey kworel,
like trobol and If yu always dey karry body up,
den yu dey kause wahala for yorsef.
20 Make doz wey dey tink and tok bad-bad tins
nor espect any good tin escept trobol.
21 Papa and mama wey dia shidren dey do like fool,
na only sadnes and pain dem dey feel.
22 Happiness dey give yu good life,
but sadnes dey make pesin die small-small.
23 Wiked judge dey take bribe for sekret and bikos of dat,
dem nor go give korrect judgement.
24 Pesin wey get sense dey tink and do good tins one-by-one,
but foolish pipol dey start many tins at wons.
25 Foolish shidren dey kause pain for dia papa
and dia mama go dey regret.
26 E nor good make dem flog innocent pesin
and e dey bad to ponish who dey do good.
27 Doz wey dey sure of demsef nor dey tok anyhow
and kwayet pipol dey undastand tins well.
28 Pipol go tink sey foolish pesin get sense wen e kwayet and wen e nor tok,
e go bi like pesin wey wise.

# 18

1 Pipol wey nor kare about odas, dey tink only about demsef;
so dem nor go gri take korreshon from oda pipol.
2 Foolish pesin nor dey worry weda e undastand sometin or not;
di only tin wey dey en mind, na to show how e wise rish.
3 Na sin and shame dey waka togeda.
Wen yu luz yor honor, pipol nor go respet yu again.
4 Word wey pesin tok fit give yu sense wey deep like sea
and fresh like river wey dey flow.
5 E nor good to favor who do bad,
bikos good pipol nor go get korrect judgement.
6 Wen foolish pesin start to argue,
na trobol e dey put ensef.
7 Foolish pesin word dey distroy am;
na en own mout dey put am for trobol.
8 To do aproko, dey good well-well for mout wen yu dey tok am,
bikos e dey sweet for body.
9 Lazy pesin bad like pesin
wey dey distroy tins.
10 God name na strong place to hide put,
raitious pipol dey run enter and dem dey-dey save.
11 Rish pipol dey tink sey di propaty wey dem get go protet dem
like strong high wall wey dey round di town.
12 Respet dey kom before honor;
but distroshon dey wait for proud pipol.
13 Make yu dey listin well before yu ansa,
If not, e go bi like sey yu bi stupid pesin wey nor get respet.

14 Di mind to live fit enkourage pesin wen e dey sick,
but if e nor get strong mind, e nor get hope bi dat.
15 Wise pesin dey always look for knowledge
and en mind dey find wisdom.
16 If yu won go meet important pesin,
den karry gift follow body and e go dey eazy for yu to tok to am.
17 Di first pesin to tok for kourt dey always dey rite,
until di oda pesin ask am kweshon.
18 If men wey get pawa dey tok against each oda for kourt,
to trow dice fit solve di matter.
19 To make peace with yor broda wey yu offend,
hard pass to break enter town wey dem guide well-well
and kworel, dey separate friends
like gate wey dem lock with key.
20 Wen yu tok betta words, belle go sweet yu,
so make yu let good word kom out from yor mout
and yu go dey happy.
21 Wetin yu tok fit save or distroy yor life.
So yu must asept di result of wetin yu tok.
22 Man wey find good woman kon marry am,
don si good tin and God go favor and bless am.
23 Poor man dey honbol ensef as e dey tok,
but rish pipol dey ansa and tok anyhow.
24 Friendship if put yu for trobol,
but some friends go dey klose to yu pass yor own broda.

# 19

1 E betta make pesin dey poor and get good karata,
dan make e bi fool wey nor get trut for mout.
2 To wont betta life without wisdom nor good;
bikos yu go enter trobol if yu nor dey patient.
3 Wen pesin distroy ensef with di stupid tins wey e do,
e go kon blame God.
4 Rish pipol dey always get new friends,
but poor man nor fit keep di small ones wey e get.
5 If yu bi lie-lie witness, dem go ponish yu
and yu nor go fit eskape.
6 Evribody dey try make dem gain favor for rish pesin front,
just as evribody dey won bi friend to doz wey fit help dem.
7 Man wey nor get money, nor get value for en brodas hand, even en friends dey run from am.
Aldo e dey beg dem, but dem nor dey ansa am.
8 Do good to yorsef kon learn evritin wey yu fit learn;
den remember wetin yu learn and yu go prosper.
9 Anybody wey tok lie for wetin e nor know, nor go fit eskape ponishment
and na di lie go kill-am.
10 Make foolish pipol nor dey spend money anyhow
and make savant nor rule leaders.
11 If yu get sense, yu go fit kontrol yor tempa.
E dey good make yu nor ansa if pesin offend yu.

12 Wen king vex, e bi like lion wey dey shaut,
but if e favor yu, e bi like rain wey dey fall.
13 Foolish shidren fit distroy dia papa and mama,
na so too, wife wey dey komplain well-well,
bi like rain wey dey drop small-small.
14 Pesin fit inherit en papa and mama propaty,
but na only God fit gi-am wife wey get sense.
15 If yu like, dey lazy and dey sleep anyhow,
but make yu know sey honga go soon kom kill yu.
16 Keep God kommandment and yu go get long life;
but yu go die, if yu nor follow dem.
17 Wen yu give sometin to poor pipol,
e bi like sey God dey borrow from yu
and God go pay yu evritin wey E borrow.
18 Train yor pikin well wen dem still dey yong to learn;
if yu nor do like dat, yu dey help dem distroy dia life.
19 If pesin get hot tempa, make e ready for anytin wey go happen,
bikos If yu take am komot from trobol wons,
yu go still do am again.
20 If yu dey listin to advise and dey ready to learn,
yu go wise one day.
21 Pipol fit plan difren-difren tins,
but na wetin God tok, go happen.
22 Wetin important pass na to dey loyal.
E betta make yu dey poor, den to dey lie waka.
23 Obey God and yu go get long life;
yu go dey happy and dey save from trobol.
24 Some pipol too lazy to put food
for dia own mout.
25 E good make dem ponish who dey karry body up,
so dat pipol wey nor know anytin, go get sense.
As wise pesin, yu go get more wisdom
wen yu take korreshon.
26 Na only pesin wey nor get shame go trit en papa anyhow
or nor go allow en mama kom en house.
27 My pikin, if yu stop to learn,
yu go forget evritin wey dem tish yu.
28 If witness for kourt dey tok wetin e nor si,
den di judge nor go fit judge well.
Wiked pipol like to dey do evil tins.
29 Just as dem dey beat foolish pesin,
na so too dem go ponish doz wey dey karry body up.

# 20

1 Too mush drink dey make pesin tok and bihave anyhow
and pesin wey dey drink too mush, nor get sense.
2 Wen king vex, e bi like lion wey dey shaut;
to make am vex, mean sey yu won kill yorsef.
3 Na only foolish pesin dey start kworel;
so di rite tin to do, na to run from am.

4 Farmer wey lazy well-well to klear en farm for di rite time,
nor go get anytin to harvest.
5 Betta advise for pesin heart bi like wota for inside deep well,
but pesin wey get wisdom go draw am kom out.
6 Some pipol dey tok how dem dey honbol and faithful,
but e go hard to find pesin wey really bi like dat.
7 Good pipol dey always do di rite tin
and God dey bless dia shidren.
8 Wen king sidan for en throne dey judge,
e dey fit know bad tin wen e si am.
9 E get anybody wey fit sey en mind klean well-well
and e nor dey sin?
10 God hate pipol wey dey weigh
and measure tins with wayo.
11 Even shidren dey show who dem bi with wetin dem dey do;
den yu go fit know if dem good and dey honest.
12 Na God give us eyes to si tins
and ear to hear word.
13 If na so-so sleep yu dey sleep, na poverty go kill yu.
But if yu dey work hard, yu go get plenty food to chop.
14 Pesin wey dey buy sometin go sey,
"Dis tin too dear! E too dear!"
But afta e don buy am, e go-go make mout sey
"Dis tin wey I buy so, cheap well-well."
15 To tok with wisdom,
betta pass to get gold and silva.
16 Anybody wey promise sey e go pay strenja debt,
make una hold en propaty until e pay am.
Make una hold di propaty if e dey do am
for pesin wey kom from anoda kountry.
17 Bread wey pesin tif dey sweet for mout,
but e go bi like stone for en belle.
18 Make yu dey sure sey dem advise yu well,
before yu make any plan or go start war.
19 Pesin wey dey do aproko nor go fit keep sekret.
So make yu run from pesin wey dey tok too mush.
20 If yu curse yor papa and mama,
yor life go end like lantan wey kwensh for darkness.
21 Propaty wey pesin use wayo take kwik get for life,
nor dey last.
22 Nor do bad to pesin wey do yu bad,
but make yu trust God and E go save yu.
23 God nor like pipol wey dey weigh
and measure tins with wayo.
24 Na God dey direct pesin;
so how pesin won use en own mind take know as en life go bi?
25 E nor good make yu promise God
wetin yu know sey yu nor go do.
26 Wise king dey skata wiked pipol like flower
kon ride horse on-top dem.

27 God lite dey enter human being spirit
kon open all di plans wey dem get.
28 Love wey nor dey fail and goodness dey protet di king
and na dis love dey make en throne dey forever.
29 Yong pipol glory dey dia strent;
so make una respet di white hair wey old pipol get.
30 Korrect ponishment dey drive evil komot from pesin mind
kon make en heart klean.

# 21

1 Evry king heart dey God hand;
just as E dey show river how e go take flow,
na so too E dey kontrol kings mind.
2 Pesin fit tink sey evritin wey e dey do dey korrect,
but remember sey God dey judge evritin wey wi dey do.
3 Instead of sakrifice, make pesin do wetin good and korrect;
tins wey go make belle sweet God.
4 Na pride dey kontrol wiked pipol
and anytin wey kom out from dem, na sin e bi.
5 If yu plan with kare, yu go prosper;
but if yu rush dey plan, na poverty go end am.
6 Di money wey yu use wayo take get go disappear,
but dat go bi afta e don push yu put for deat hand.
7 Na di wahala wey wiked pipol kause dey distroy dem,
bikos dem nor gri do wetin dey good.
8 Bad belle pipol nor gri do wetin dey rite;
but innocent pipol dey do wetin dey good.
9 E betta make yu stay on-top house
dan to stay with wife wey dey komplain well-well.
10 Wiked pipol dey always like to do wiked tins,
so dem nor dey pity for anybody.
11 Wen God ponish pipol wey dey karry body up,
even pesin wey nor dey tink, dey learn lesin.
If dem tish wise pesin,
e go wise well-well.
12 God wey dey raitious know all wetin dey happen inside wiked pipol house
and E go distroy dem.
13 If yu nor gri listin to poor pipol kry,
dem nor go hear yor own kry for help.
14 If pesin dey vex for yu;
gift wey yu gi-am for sekret go kool en tempa.
15 Good pipol dey happy wen dem give korrect judgement,
but wiked pipol hope dey die.
16 Pesin wey nor gri asept wisdom,
go die kon go where dead body dey.
17 Pipol wey dey always spend dia money take drink and chop anyhow,
nor go ever get plenty money.
18 Di wahala wey wiked pipol bin won kause for good pipol,
na dem dey use dia own head karry am.
19 E betta to stay desert

dan to stay house with wife wey dey komplain well-well.
20 Wise pesin fit get plenty money and dey enjoy ensef,
but as soon as foolish pipol get dia money,
dem go spend am anyhow.
21 Make yu dey do good and tok trut and yu go get long life;
den odas go respet and trit yu well.
22 Wise pesin go fit take town wey strong men dey guide
kon distroy di wall wey bi dia hope.
23 If yu nor won enter trobol,
make yu tink before yu tok.
24 Pesin wey dey karry body up and do wayo,
nor dey kare about oda pipol.
25 Lazy pipol wey nor gri work dey kill demsef and
26 na wetin dem go like get, dem dey always tink about,
but good pipol sabi give well-well, bikos dem nor stingy.
27 God nor like wen wiked pipol dey offa sakrifice gi-am,
bikos dem dey do am with bad belle.
28 Pipol nor dey bilive anytin wey lie-lie pesin tok,
but pesin wey dey tink before e tok, dem dey bilive en word.
29 Good pipol dey-dey sure of demsef;
but wiked pipol sabi pritend well-well.
30 Yor wisdom, brain and undastandin
nor mean anytin if God dey against yu.
31 Pesin fit ready en horse sey e dey go fight war,
but na only God go gi-am viktory.

# 22

1 If yu nid to choose between good name and plenty propaty, make yu choose good name,
bikos respet betta pass silva and gold.
2 Pesin wey get plenty money and pesin wey nor get, na di same dem bi,
bikos na God kreate two of dem.
3 Wise pipol dey si trobol dey run,
but foolish pipol go run enter kon sofa pain.
4 If yu obey God kon honbol yorsef,
yu go get propaty, honor and long life.
5 Trobol and wahala dey where wiked pipol dey waka pass,
but wise pipol wey sabi guide dia soul, dey-dey far from dem.
6 Make yu tish yor pikin how e go take live en life and wen e don old,
e go still dey do di same tin.
7 Na rish pipol dey rule poor pipol
and if yu borrow money from pesin, yu go bi en savant.
8 Pesin wey like wikedness, na trobol go bi en own
and en wahala against oda pipol, go soon end.
9 Do good and share yor food with poor pipol,
den God go bless yu.
10 If una porshu proud pipol komot from where una dey,
kworel, wahala and bad words, nor go dey again.
11 Pesin wey get klean heart and always dey tok well,
di king go always bi en friend.

12 God dey protet doz wey dey tok trut,
but doz wey dey lie waka, E dey distroy dia plans.
13 Lazy pipol dey always sey, “Lion dey outside and e go kill us”,
so dem nor go gri go out.
14 Pesin wife wey dey sleep with oda men,
dey get sweet mout and doz wey God dey vex for,
dey fall enter di woman trap
15 Shidren nor dey know sey di way dem dey bihave nor good,
but betta korreshon go tish dem how to bihave well.
16 If yu dey give rish pipol gift kon dey opress poor
pipol make yu for get more money, yu go poor too.

*Thirty Wise Word*

17 Make yu listin and I go tish yu wetin wise pipol tok
and as yu undastand wetin dem tok,
18 yu go happy, if yu remember
and use dem well.
19 I go tell yu evritin naw,
bikos I wont make yu trust God.
20 I don rite thirty words wey go give yu wisdom,
betta advise and
21 tish yu wetin trut really mean.
So if dem send yu go find am,
yu go bring korrect ansa kom back.

*Di First Word*

22 Make yu nor trit poor pipol anyhow bikos yu get pawa!
Doz wey nor get help for kourt, make yu nor trit dem anyhow too,
23 bikos God go judge dia kase for dem
kon ponish doz wey dey treaten dia life.

*Di Sekond Word*

24 Make yu nor make friend with pipol
wey get hot and bad tempa,
25 bikos if yu learn dia behaviour,
yu nor go fit shange again.

*Di Third Word*

26 Make yu nor promise to pay money
wey anoda pesin dey owe,
27 bikos if yu nor fit pay,
dem go kon karry yor bed go.

*Di Fourt Word*

28 Make yu nor remove di old boundary stone wey yor grand-grand papa
dem take mark where dia land for end.

*Di Fift Word*

29 Yu don si pesin wey get good work?
E dey-dey with kings and nor bi with yeye pipol.

# 23

*Di Sixt Word*

1 Wen yu sidan dey chop with important pesin,

make yu dey kareful well-well.
2 If yu dey too chop and nor dey beleful,
make yu respet yorsef.
3 Nor get long-trot for di fine food wey e give yu;
bikos e fit use am take deceive yu.

*Di Sevent Word*

4 As yu dey try to get money,
make yu use yor sense, so dat life nor go taya yu,
5 bikos yor money fit finish wons like sey e get feada
kon fly leave yu like eagle.

*Di Eight Word*

6 Make yu nor chop with stingy pesin
or get long-trot for di kind food wey e kook,
7 bikos e go sey,
"Make yu kom chop!"
But e nor really tok am from en heart,
bikos na as e dey tink, na so too e bi.
8 Yu go vomit all wetin yu don chop,
den all di praiz wey yu praiz am, nor go mean anytin again.

*Di Ninet Word*

9 Make yu nor try to tok sense give foolish pesin,
bikos e nor go value am.

*Di Tent Word*

10 Make yu nor remove di old boundary stone wey yor grand-grand papa
dem take mark land and pikin wey
nor get papa and mama, make yu nor take en land.
11 Na God dey defend dem
and E go judge dia kase against yu.

*Di Elevent Word*

12 Make yu listin to yor tishas
kon learn evritin wey yu fit learn.

*Di Twelft Word*

13 Make yu always ponish shidren wen dem do wrong,
bikos dat ponishment nor go kill dem,
14 but e go save dia life.

*Di Thirtint Word*

15 My pikin, if yu dey wise,
I go happy well-well.
16 I go dey proud
wen I hear yu dey tok with wisdom.

*Di Fortint Word*

17 Make yu nor jealous sinnas,
but make to dey fear God,
bi di only tin wey koncern yu for dis life.
18 If e bi like dat,
den yor future go dey sikure.

*Di Fifteent Word*
19 Listin my pikin; make yu get sense
and tink how yu dey live yor life.
20 Nor make friend with pipol
wey dey drink wine too mush or chop well-well,
21 bikos pipol wey dey drink and chop too mush,
go soon luz evritin.
So, If all wetin yu dey do na to dey chop and sleep,
den yu go soon start to wear rag.

*Di Sixteent Word*
22 Listin to yor papa; bikos without am, yu nor go dey dis world
and wen yor mama don old, make yu still dey respet am.
23 Make yu do anytin to get wisdom,
trut, undastand and good sense
and if yu get dem, make yu nor sell dem,
bikos dem go help yu well-well.
24 Good pesin papa get betta rizin to happy
and e go dey happy if en pikin get wisdom.
25 Make yu do wetin go make yor papa and mama happy for yu,
so dat yor mama nor go regret sey e born yu.

*Di Seventint Word*
26 My pikin, listin well-well
and make my life bi ezample to yu.
27 Ashawo and wimen wey dey bihave anyhow,
na wiked trap dem bi.
28 Dem dey wait for yu like sey dem bi tif
and dem don make many men sin against dia wifes.

*Di Eighteent Word*
29 Na who dem dey curse? Na who dey face trobol?
Na who get enough? Na who dey komplain?
Na who sore full en body? Na who nor dey fit si well?
30 Na doz wey dey struggol to drink wine
and doz wey dey waka dey find new wine to drink.
31 So, make yu nor allow wine tempt yu,
even doh e red well-well
or dey shine for di cup and dey sweet for mout.
32 Bikos di next morning,
e go bi like sey na snake wey get poizin, bite yu.
33 Yor eyes go si tins wey go sopraiz yu
and yu nor go fit tink or tok well.
34 Yu go bi like pesin wey sleep near river
or on-top boat for wota.
35 Yu go sey, "Dem attack mi, but I nor wound!
Dem beat mi, but I nor remember.
'Wen I go take stand up for bed,
so dat I go-go find anoda drink?' "

# 24

*Di Nineteent Word*

1 Make yu nor jealous evil pipol
or try to make friend with dem,
2 bikos na only trobol dem dey always tink about
and anytin wey dem tok, dey kause wahala.

### *Nomba Twenty Word*

3 Na wisdom pesin dey take build house,
but na undastandin go make am stand
4 and na knowledge dem take
dey dekorate am with fine and betta tins.

### *Nomba Twenty-one Word*

5 To dey wise, betta pass to dey strong!
Yes, wisdom betta pass pawa.
6 So make sure sey yu plan well before yu go fight
and di more dem advise yu well,
di more yu go dey win.

### *Nomba Twenty-two Word*

7 Wise word too deep for foolish pipol to undastand.
So wen ever pipol dey tok about sirious matter,
foolish pipol nor get any betta tin to tok put.

### *Nomba Twenty-three Word*

8 If yu dey always plan evil,
na trobol-maker dem go dey koll yu,
9 bikos anytin wey foolish pesin plan,
dey make pesin sin and pipol
nor like pesin wey dey laf odas.

### *Nomba Twenty-four Word*

10 If yu faint for di day wen wahala kom,
dat one go show sey yor strent small well-well.

### *Nomba Twenty-five Word*

11 Kwik save doz wey dem won kill
for wetin dem nor do.
12 If yu fit sey e nor koncern yu,
God know and dey judge evritin wey yu dey do.
E dey look yu and E know yu well-well.
E go reward yu akordin to wetin yu do.

### *Nomba Twenty-six Word*

13 My pikin, make yu chop honey bikos e good.
Just as honey sweet for yor mout,
14 na so wisdom dey good for di soul.
Make yu get wisdom
and yor future go dey sikure.

### *Nomba Twenty-seven Word*

15 Make yu nor bi like wiked pipol
wey dey plan to tif from good pipol or break enter dia house,
16 bikos no matter how many times good pipol fall;
dem dey always get up again;
but trobol dey distroy wiked pipol.

*Nomba Twenty-eight Word*

17 Make yu nor dey happy if yor enemies enter trobol
and nor rijoice wen dem fall,
18 bikos God go know if yu dey happy and E nor go like am;
den E fit nor kon ponish dem again.

*Nomba Twenty-nine Word*

19 Make yu nor fear doz wey dey do evil
and make yu nor jealous wiked pipol at-all,
20 bikos wiked pesin nor get betta future
and dem nor dey hope for anytin again.

*Nomba Thirty Word*

21 So my pikin, make yu fear God and honor di king.
Make yu nor do anytin with pipol wey dey tok against dem,
22 bikos God fit distroy dat kind pipol wons
and who know di wahala wey God
and di king fit kause for dem?

*Oda-wise Word*

23 Wise pipol still tok dis tins too:
E bad well-well if judge nor dey judge well for kourt.
24 If di judge sey na di pesin wey do wrong dey innocent,
evribody go curse and hate am.
25 Judge wey dey ponish pesin wey do wrong,
go prosper and get good name,
26 bikos, honest ansa na good sign for true friendship.
27 Before yu build yor house,
make sure sey yu don prepare and ready yor farm for work.
28 Nor tok against anoda pesin without good rizin
or tok yeye tins about pipol.
29 Nor boast sey, "I go do am back wetin e do mi.
Yes! I go deal with am well-well."
30 Wen I waka pass foolish and lazy pesin
farm and vineyard,
31 na shuku-shuku and grass grow full am.
Di wall wey dem build round am,
don fall rish groun.
32 I look kon tink
and I kon learn lesin from am sey:
33 Make yu sleep and rest as yu like
or fold yor hand and rest small,
34 but make yu remember sey, as yu dey sleep,
poverty go kom attack yu like tif.

# 25

*Solomon Proverbs*

1 Dis na some of Solomon oda wise words and na King Hezekaya men
for Judah kourt, rite dem down.
2 Na God get di pawa to hide tins,
but na kings dey fit find and esplain dem to pipol.

3 Nobody fit know wetin kings dey tink.
Just as sky high well-well and as sea deep rish,
na so too dia mind bi.
4 Make yu remove dirty from silva,
den yu go fit use am take make oda fine tins.
5 Nor let bad advisers near di king,
so dat pipol go know am bikos e dey judge well.
6 Wen yu stand for king front, nor try to impress am
or pritend sey yu bi betta pesin,
7 bikos e go good sey,
make en ensef tell yu to sidan for high pozishon,
na sey make e gi-am to anoda pesin wey dey important pass yu.
8 Nor kwik karry matter go kourt,
bikos if anoda witness show sey na yu dey wrong,
den, na wetin yu go do?
9 If yu and yor neighbour dey argue about sometin,
e go good make una setol am between unasef
and make yu nor tok about una sekret for publik.
10 If not, evribody go know sey yu nor fit keep sekret
and yu nor go ever forget di shame wey go katch yu.
11 Bikos betta words wey dem tok well,
bi like gold wey dem take dekorate silva.
12 Wen wise pesin advise pesin wey ready to listin, wetin e tok,
betta pass fine gold ring or necklace.
13 As kold wota dey sweet for dry sizin,
na so too savant wey pesin fit trust,
dey make belle sweet di pesin wey send am.
14 Pipol wey dey promise and fail bi like kloud
and heavy breeze wey nor dey bring rain.
15 Na patient and gentol tok,
pesin dey take beg kings
and na sweet mout dey setol sirious wahala.
16 Nor chop honey too mush bikos e sweet,
so dat yu nor go vomit,
bikos yu too chop am.
17 Make yu nor dey too visit yor neighbour,
bikos dem fit taya kon hate yu.
18 To lie for pesin head bi like to kill pesin with swod,
wound am with sharp arrow or shot am.
19 Like tit wey dey pain pesin or leg wey don break,
na so too e bi to trust pesin wey nor dey sirious wen trobol kom.
20 To sing for pesin wey nor get peace for mind,
bi like sey yu dey remove en klot from en body
wen kold dey or rub salt put for en sore.
21 If yor enemy dey hongry,
make yu gi-am food chop and if e dey thirsty,
make yu gi-am wota drink,
22 bikos as yu do like dis,
yu go make shame katch am and God go reward yu.
23 Just as heavy breeze from nort dey bring rain,
na so too aproko dey make pesin vex well-well.

24 E betta make yu stay on-top house,
dan to stay with wife wey dey komplain well-well.
25 To hear good news from land wey far,
bi like wen pesin pour kold wota or drink for en body.
26 Wen good pesin listin to wetin bad pesin dey tok,
e go bi like wota wey nor good or well wey get poizin.
27 Just as too mush honey nor good for yu, na so too,
to make pipol dey praiz yu well-well, nor good.
28 If yu dey vex anyhow and nor fit kontrol yorsef,
yu bi like town wey nor get fence at-all
and wey dey eazy for enemy to attack.

# 26

1 Just as pipol nor dey espect rain for dry sizin,
na so too, respet nor good for foolish pesin.
2 Just as bird dey fly pass, na so too,
curse wey dem put for yor head and yu nor deserve am,
nor go do yu anytin.
3 E dey eazy to whip horse and kontrol donkey,
but e nor eazy to kontrol foolish pesin.
4 If yu ansa yeye kweshon wey foolish pesin ask,
den yu dey foolish, just like di pesin wey ask yu.
5 Make yu ansa fool akordin to en kweshon,
so dat e go know sey e nor wise as e tink,
but if yu nor ansa am, yusef go bi fool like am.
6 Just as if pesin kut en own leg komot,
na so e bi too to send fool message,
bikos na trobol di pesin dey look for.
7 As pesin wey en leg cripple nor fit use am,
na so too foolish pipol words dey yuzles.
8 To praiz foolish pesin bi like to put stone for katapault
kon ready to shot am.
9 Like shuku-shuku wey shuk drunkard man hand,
na so too wise word bi for foolish pesin mout.
10 Like pesin wey dey shot en arrow anyhow,
na so too e bi to pesin wey hire fool take work.
11 Just as dog dey go back go chop en vomit,
na so fool dey always show en foolishness.
12 Pesin wey foolish well-well,
betta pass pesin wey tink sey e wise,
but e nor get sense.
13 Lazy pesin go sey, "Lion dey for outside!
Many lion dey evriwhere for di street!"
14 Lazy pesin go just dey turn up-and-down for bed
like door handle and
15 some pipol too lazy to even put food for dia own mout.
16 Lazy pesin go tink sey en wise
pass seven pipol wey get sense well-well.
17 Pesin wey go argue matter wey nor koncern am,
bi like wen yu dey waka for road

kon go hold dog for en ear.
18 Just as e bad for mad pesin
to play with bow and arrow,
19 na so too e bi with pesin wey deceive en neighbour
and e sey, "Nor bi joke I dey joke?"
20 Fire nor dey katch without wood;
so without aproko, kworel nor go dey.
21 Pipol wey like wahala dey kause trobol,
just as mashes and kerosine dey start fire.
22 Aproko story dey sweet some pipol well-well,
but to odas, e dey pain well-well go rish dia bones.
23 Pesin wey get wiked heart and dey lie well-well,
bi like fine klot wey dem take kover klay pot,
so dat pipol go tink sey na betta tin dey der.
24 Pesin wey hate odas and dey pritend sey e like dem,
na wikedness full en heart.
25 Even doh e tok sweet words,
make yu nor bilive am, bikos na wikedness full en belle.
26 E fit hide en wikedness,
but evribody go soon si di bad tins wey e dey do.
27 So, anybody wey dig pit for pesin
go fall inside my ensef
and pesin wey roll stone to wound odas,
na di stone go fall kill-am.
28 Na only pesin wey yu hate, yu go
like lie against and yeye words dey distroy pipol.

# 27

1 Make yu nor boast about tumoro,
bikos yu nor know wetin go happen between naw and den.
2 So make yu let odas praiz yu,
instead of yu to dey praiz yorsef.
3 Even doh san and stone dey heavy,
e nor still heavy rish di wahala wey foolish pesin dey kause.
4 Vexnashon bad and anga dey distroy tins,
but who fit stand and bear jealousy?
5 E betta make yu korrect pesin for open,
dan to dey show am love for sekret.
6 If yor friend wound yu,
e betta pass yor enemy kiss wey fit kill yu.
7 Wen pesin don beleful,
even honey nor go sweet for en mout,
but wen e dey hongry, even food wey bitter, dey sweet am well-well.
8 Anybody wey dey waka up-and-down,
bi like bird wey nor dey stay en house.
9 Just as perfume and fine oil dey make pesin happy,
na so too betta advise from pesin friend,
dey bring joy to en heart.
10 Make yu nor forget yor friends or yor papa friends,
bikos if yu dey trobol, yu nor nid to ask yor relashon for help.

Di neighbour wey dey near yu,
fit help yu pass yor relashon wey dey far.
11 My pikin, make yu dey wise and I go happy,
so dat I go get good ansa to give anybody wey dey oppoz mi.
12 Wise pesin go si trobol dey kom kon run from am,
but doz wey nor dey tink, go waka enter,
den kon dey regret.
13 Pesin wey promise to pay money wey strenja dey owe,
make una hold en propaty,
especially if na ashawo e promise to pay for.
14 If yu shaut greet yor friend for morning,
pipol go tink sey yu dey curse am.
15 Wife wey dey komplain well-well,
bi like wota wey dey drop small-small for rainin sizin;
16 so how pesin go fit make am kwayet?
Since pesin nor fit stop breeze or hold oil for hand,
e nor go fit stop am too.
17 Just as iron dey make iron sharp,
na so too, two pesin dey learn from each oda.
18 Make yu kare for yor fig tree and yu go get many fig fruit to chop and na like dis too,
dem go honor savant wey dey kare for en masta.
19 Na yor own face dey shine for di wota wey yu dey look
and na yor ownsef yu dey si for yor heart.
20 Just as grave nor dey taya to take dead body,
na so too di tins wey pipol wont for dis world,
nor dey satisfy dem.
21 Just as dem dey take fire test gold and silva,
na so too dem dey test pesin good name.
22 Even if yu beat foolish pesin almost die,
yu nor go fit beat en foolishness komot for en body.
23 Make yu kare for yor sheep and kattle as yu fit,
24 bikos money and propaty nor dey-dey forever.
Even nashon nor dey last forever.
25 Wen grass die, new ones go appear
and di plants for mountins go grow again,
26 den yor sheep hair go bi yor klot,
yu go sell some goat wey dey yor field
27 and yu go get plenty goat milk to take feed yu,
yor family and yor wimen savant.

# 28

1 Wiked pesin dey run wen nobody dey porshu am,
but honest pesin dey get heart like lion.
2 Wen pipol dey always sin,
dia kountry go get many leaders,
but pesin wey get sense and dey undastand tins well,
dey bring peace.
3 Poor man wey dey opress oda poor pipol,
bi like strong rain wey dey skata wetin pesin plant.

4 So pesin wey nor dey respet di law, dey praiz wiked pipol,
but doz wey dey obey di law, nor like wikedness.
5 Evil pipol nor know wetin korrect judgement mean,
but doz wey dey woship God, undastand am well-well.
6 E betta to dey poor and honest,
dan to dey rish and dey do wayo.
7 Yong man wey dey obey di law get sense.
Pesin wey dey make friends with yeye pipol na disgrace to en papa.
8 If yu get money from intrest wey yu dey kollect,
bikos di pipol kon borrow from yu, one day,
one pesin go kom kollect all yor propaty and e go sorry for poor pipol.
9 If yu nor dey obey di law,
God nor go hear yor prayers.
10 If yu deceive honest pesin kon make am do bad tins,
yu go fall enter di trap wey yu dig by yorsef,
but God go reward innocent pipol well-well.
11 Rish pipol dey always tink sey dem wise,
but poor pesin wey get betta karata, know di rite tin.
12 Wen good pipol dey rule, evribody dey happy,
but wen bad pipol dey rule, evribody dey hide.
13 Yu nor go ever susid for life if yu try to hide yor sin.
Konfess and stop to do dem and God go show yu mesi.
14 If yu always dey obey God, happiness go follow yu,
but yu go distroy yor life if yu dey sturbon.
15 Just as pipol dey fear hongry lion and wiked bear,
na so too poor pipol nor fit fight wiked ruler.
16 Ruler wey nor get betta sense, go rule with wikedness.
But pesin wey nor like lie, go rule tey.
17 Pesin wey kill anoda pesin dey kwik-kwik dig en own grave,
so make yu nor try to stop am.
18 Dey always tok trut and e go save yu,
but if yu dey play wayo, na wons yu go fall.
19 Farmer wey dey work hard, get plenty food to chop,
but pipol wey dey waste time for evritin wey dem dey do,
na poverty go kill dem.
20 Pesin wey dey tok trut, go live betta and happy life,
but dem go ponish yu, if yu dey hurry to get money.
21 To dey judge anyhow nor good,
but some judge dey lie for kourt,
bikos of di small bribe wey dem won kollect.
22 Pesin wey get long-trot dey always hurry to get money,
sotey e nor dey know wen poverty dey kom meet am.
23 If yu korrect pesin,
e go like am pass wen yu praiz am.
24 Pesin wey tink sey e nor bad to tif from en papa and mama,
nor betta pass ordinary tif.
25 To get long-trot dey only kause trobol,
so e betta make yu trust God.
26 Pesin wey feel sey na only en know di korrect tin, na big fool,
but pesin wey dey waka with wisdom, go dey save.

27 Make yu dey always give tins to poor pipol and yu nor go ever lack,
but if yu nor dey sorry for poor pipol, dem go curse yu.
28 Pipol dey hide wen wiked pesin dey rule,
but wen e nor dey again, raitious pipol go prosper.

# 29

1 If yu nor dey gri take korreshon,
one day yu go fall and yu nor go fit stand again.
2 Make yu show mi good ruler
and I go show yu happy pipol.
Make yu show mi wiked ruler
and I go show yu pipol wey dey komplain.
3 If yu value wisdom, yor papa go dey proud of yu,
but na foolish tin to spend money for ashawo.
4 With betta judgement, king dey make en kingdom strong,
but king wey like money well-well, dey skata en throne.
5 Pesin wey dey praiz en neighbour anyhow,
dey set trap for dem.
6 Di sin wey evil pipol kommit dey put dem for trobol,
but honest pipol, dey-dey happy and free.
7 Good pesin know wetin bi poor pipol own,
but wiked pipol nor fit undastand tins like dat.
8 Pipol wey nor get respet for odas, go fit kause konfushon for di whole town,
but wise pipol dey keep tins to demsef.
9 Wen wise pesin take foolish pesin go kourt,
di foolish pesin go only dey shaut and tok anyhow,
but e nor go dey happy.
10 Pipol wey dey kill pipol nor like anybody wey dey tok trut,
but good pipol go protet di pesin life.
11 Stupid pipol dey show dia vexnashon for publik,
but pipol wey get sense, dey-dey patient and kontrol demsef.
12 If ruler dey listin to lie-lie word,
den all en ofisas go dey plan wiked tins.
13 Just as God give eye to poor pesin,
na so too E give eye to pesin wey dey opress oda pipol.
14 If king dey defend poor pipol,
e go rule tey well-well.
15 To dey beat and korrect shidren, good well-well,
bikos if dem dey do anytin wey dem like,
dem go make shame katch dia mama.
16 Wen wiked pipol dey rule,
many bad-bad tins dey inkrease,
but good pipol go dey alive
to si di way doz wiked pipol go take fall.
17 Korrect yor shidren and yu go dey proud of dem,
bikos dem nor go make yu shame at-all.
18 Wen pipol nor follow God way, dem dey waka anyhow,
but pipol wey dey obey God law,
na happiness bi dia own!

19 Pesin nor fit korrect en savant with just ordinary word,
bikos even doh dem undastand am,
dem nor go do wetin e tok.
20 Yu don si pesin wey dey tok anyhow?
Even fools get hope pass am.
21 If yu give yor savant evritin wey dem wont from small kom,
one day, dem go take evritin wey yu get.
22 Pesin wey get hot tempa dey kause kworel
and pesin wey dey kwik vex, dey sin well-well.
23 Pesin pride go distroy am,
but if e dey honbol, pipol go respet am.
24 Pesin wey bi tif patina nor like en life,
bikos even doh e know di trut, e don swear sey e nor go tok.
25 E dey bad to borda yorsef about wetin pipol dey tink about yu,
but if yu trust God, yu go dey save.
26 Evribody wont make king favor dem,
but na only God dey give korrect judgement.
27 Good pipol nor like doz wey dey do wiked tins
and wiked pipol nor like good pipol.

# 30

*Di Words Wey Agur Tok*

1 Dis na wetin Agur wey bi Jakeh pikin tell Itiel, Ukal and Itiel:
2 "I dey foolish pass any oda man
and I nor get sense like oda pipol.
3 I neva learn how to get wisdom
and I nor know anytin about God.
4 Who don go heaven kom back?
Who don ever katch breeze for en hand or wrap wota for klot?
Who kreate di whole world?
Na who e bi and na wetin bi en pikin name?
Make yu tell mi, if yu know!
5 "Evritin wey God tok, dey korrect. E dey guide evribody wey kom meet
am make E protet dem. 6 Make yu nor add join God word, if not, E go curse
and koll yu lie-lie pesin.

*More Proverbs*

7 "My God, I beg Yu for two tins and make Yu give dem to mi, before I
die. 8 Di first one na: Help mi make I nor dey lie and deceive pipol and di
sekond one na, make Yu nor make mi too rish or too poor! Make yu give
mi di tins wey go rish mi use. 9 Bikos if I too get money, I fit deny Yu sey,
'Who bi God?' And if I too poor, I go fit go tif kon bring shame for yor holy
name.
10 "Make yu nor ever spoil worker give en oga, bikos if di pesin curse
yu, di curse go follow yu forever.
11 "Some pipol dey curse dia papa and some nor dey tank dia mama.
12 "Dem bilive sey dem dey good for dia own eye, but dem dirty pass
rag.
13 "Dem dey karry body as dem dey waka, so dat pipol go dey look dem
anyhow.

14 “Dia tit bi like swod and dia mout sharp like knife. Dem dey distroy
poor pipol komot from dis eart and pipol wey nor get food to chop, dem
dey kill dem trowey.
15 “Worm get two side wey dey sey: ‘Give mi, Give mi.’
“E get three tins wey nor dey beleful at-all and di fourt one nor dey ever sey: ‘E don do or e don rish.’ Dem bi:
16 “Grave,
belle wey neva karry pikin,
wildaness wey dry
and fire wey dey burn well-well.
17 “Di mout wey dey laf en papa and nor dey obey en mama kommand,
bird from valley go plok am komot and vulture go chop am finish.
18 “E get four tins wey dey hard mi well-well to undastand and dem bi:
19 “ ‘How eagle take dey fly high-high for sky?
How snake take dey waka for rock?
How ship take dey move for river
and how man take dey love woman?’
20 “Ashawo woman wey sleep with anoda man fit kill pesin, afta e go
klean en mout kon sey, ‘Na wish bad tin I do?’
21 “E get four tins wey dey shake di eart and make pipol fear and dem
bi:
22 “ ‘Savant wey turn to king;
fool wey leta get money well-well;
23 woman wey pipol nor like wey kon marry
and savant girl wey kon take en madam pozishon.’
24 “E get four tins for eart wey small, but dem wise well-well and dem
bi:
25 “ ‘Ants; dem nor strong,
but dem dey keep food wait dry sizin.
26 Even small animals wey dey stay for rock,
dem nor get pawa,
but dem dey build dia house for hole inside di rock.
27 Lokust; dem nor get king,
but dem dey mash togeda.
28 Lizard, dem dey eazy to katch,
but dem even dey stay for king palis.’
29 “E get four tins wey dey waka with pride and dem bi:
30 “ ‘Lion wey bi animals king wey
nor dey run for anytin.
31 Man fawol and man goat
wey dey lead di odas
and king wey en sojas surround am.’
32 “If yu don do foolish tins bikos yu dey proud or dey plan evil, make
yu kover yor mout with shame. 33 Just as cream dey bring butter wen dem
shake am and nose wey dem nak dey bring blood, na so too, to make pesin vex, dey kause wahala.”

# 31

*Advise For Kings*

1 Na di words wey King Lemuel mama tish am, bi dis.

2 My pikin wey I born;
my son wey I dedikate give God,
3 make yu nor waste yor strent dey follow wimen;
bikos dem dey distroy kings.
4 Lemuel, my pikin!
E nor good make king dey drink wine
and make rulers too,
nor dey take strong drink.
5 Bikos wen dem drink,
dem fit forget di laws kon dey opress poor pipol.
6 Strong drink na for pipol wey dey won die
and wine na for doz wey dia heart heavy.
7 So allow dem drink forget dia poverty
and dem nor go remember dia trobol again.
8 Make yu tok for doz wey nor fit tok for demsef;
make yu judge well for doz wey dem dey opress.
9 Yes! Tok well for doz wey dem dey opress and for poor pipol,
den make sure sey dem give dem korrect judgement.

### *Good Wife*

10 Who go fit find wife wey get good karata?
Good wife betta pass gold.
11 En husband go trust am,
bikos di wife go support am for evritin wey e dey do.
12 Na only good tins e go bring for en husband evritime
and bad tins nor dey join.
13 E dey always dey do business;
e dey make wool and linen klot.
14 E bi like ship for river,
wey dey karry food kom from far place.
15 E dey kwik wake-up for morning to make food for en family
kon tell en savants wetin dem go do.
16 E go-go look land kon buy am and e go use di money wey e get,
take plant tins for der.
17 E get pawa, dey strong
and dey work hard.
18 E know di value for evritin wey e dey make
and e dey work go rish nite.
19 Na only en dey use tread
and nidol take sew en own klot.
20 E dey always give tins to poor pipol
and to doz wey know get at-all.
21 E nor dey worry if kold dey,
bikos en family get klot wey go make dem warm.
22 Na en dey make en own bed shit
and e dey wear fine klot wey dem make with purpol linen.
23 Pipol know en husband well-well and dem dey respet am,
bikos e dey sidan with di oda eldas, dey take decision.
24 E dey make klot and belt
kon sell dem give tradas.
25 E dey strong; dem dey respet am

and e nor dey fear wetin go happen for future.
26 E dey tok with betta sense
and wisdom full en mout.
27 E always dey busy
and e dey make sure sey evritin go well for en family.
28 En shidren value am and dem dey tank en and en husband.
Dem dey always praiz am.
29 En husband go sey, “Many wimen na good wifes to dia husband,
but yu betta pass all of dem.”
30 Gold dey deceive pipol and beauti dey disappear,
but make pipol praiz woman wey dey honor and fear God.
31 Make una reward am for evritin wey e dey do
and evribody must praiz am for di town.

# Ekklesiastes
## Introdushon

Ekklesiastes na about difren words wey di “Tishas” or “Prishas” rite. Di book diskribe di Tisha as pesin wey don bi Israel king for Jerusalem before and wey bi David pikin. Dis two tins show sey di pesin na from royal family and na Solomon. Di sayin, “Evritin dey yuzles! Yes, evritin really dey yuzles” wey dem repeat many times, dey warn us sey nor-tin really dey last or fit satisfy us for dis life. Di book make us si some important tins and ask kweshons about life. Like wen di tisha sey wetin don bend nor go dey strait again, e dey remind us sey e hard to ripair wetin don spoil. So to make tins rite and to do good tins again, naim bi di big lesin for di book. Aldo, di tisha nor tell us about wetin God dey do to save di world, all wetin e dey tok about na sey God dey mighty and naim bi Oga ova evritin and na awa duty to follow di korrect way just as God tok am, bikos God go judge evribody afta dem live dia life.

### *Life Dey Yuzles*

1 Na King David pikin, Solomon, wey dey rule Jerusalem, rite dis words.

### *Evritin Dey Yuzles*

2 Di tisha sey, “Evritin dey yuzles!
Yes, evritin really dey yuzles!”
3 Wetin pipol dey gain from all di hard work
wey dem dey do for dis world?
4 Wen one generashon kom, di one wey dey before go-go,
but di world nor dey shange.
5 Di sun dey raiz-up and down,
den e go hurry go anoda place where e go for raiz again.
6 Breeze dey blow go sout and nort.
Yes! E dey blow round like circol.
7 Even as wota dey flow enter sea rish,
di sea nor dey ever full,
bikos, na from where di wota from kom,
na der dem go rush go again.
8 All dis tins dey taya pesin and nobody fit shange or tok as dem bi:
No matter wetin wi dey si and hear,
awa eyes still won si and awa ear still won hear more.
9 Wetin don happen before, go happen again
and wetin pipol don do before,
dem go do am again,
bikos nor-tin dey new for dis world.
10 E get anytin for dis world wey fit make pesin sey,
“Kom si o-o! Dis one neva happen before o-o”?
But di trut bi sey, e don happen even
before dem born us.
11 Wi nor dey remember wetin don happen before and for di next generashon,
nobody go remember wetin wi dey do naw.

[12] Mi wey dey tish una, I bi king for Israel and I stay for Jerusalem [13] and
I make up my mind to search and undastand evritin wey pipol don do for
dis world. But I kon si sey, God don really give us betta work to do for dis
world. [14] As I tink about evritin wey human being dey do for dis world, I
kon sey: Evritin dey yuzles; e just bi like sey pesin dey porshu breeze.

[15] Wetin bend, wi nor go fit strait am
 and wetin nor dey, wi nor go fit provide am.

[16] Den I tell mysef, "Na mi wise pass evry oda king wey don rule for
Jerusalem before mi. Bikos I get wisdom and undastandin wey dem nor
get." [17] So I kon gri to find out wetin wisdom, madness and foolishness bi.
But e klear sey, na breeze I just dey porshu,

[18] bikos di more I dey find out,
 di more e dey worry mi well-well,
 bikos plenty wisdom dey bring plenty wahala too.
So di more yu know,
 di more yu dey kause wahala for yorsef.

# 2

## *Enjoyment Dey Yuzles*

[1] I tell mysef, "Make yu go enjoy yorsef, so dat yu go know wetin
happiness bi" But I kon si sey, dat one too, dey yuzles. [2] I still si sey,
"E dey foolish to dey laf anyhow and to dey find enjoyment waka, nor dey
make pesin get any betta tin!" [3] I really tink well-well about wetin wine
go fit do for mi. I bilive sey na wisdom I dey use and I nor go bihave like
fool, so dat I go know wetin dey good for pipol to do for dis world, as dem
dey live dia life wey go soon end.

[4] I make wetin I get plenty; build big-big house for mysef kon plant
vineyards for evriwhere. [5] I design fine gardin and parks for mysef kon
plant difren-difren fruits for der. [6] I dig where wota go for dey flow for
di gardin, so dat di tree dem go grow well. [7] I hire both men and wimen
savant and I still get savants wey dem born for my house. My animal
and di pipol wey dey kare for dem, many pass any of di kings own wey
don rule for Jerusalem before naw. [8] Silva, golds and oda good tins wey I
karry from oda kings and nashons, I still save dem for mysef. I hire good
singas, both men and wimen and I get many fine-fine girl-friends. Yes! I
get evritin wey suppose make man happy! [9] So I get money and propaty
pass all di kings wey don rule Jerusalem before mi, plus all dis tins, I still
get betta wisdom.

[10] I dey get anytin wey I wont
 and I nor stop mysef from anytin wey go make mi happy.
I dey proud for evritin wey I don work for
 and na all dis, bi my reward.
[11] But as I sidan dey tink of evritin wey I don do,
 I si sey all of dem dey yuzles.
Dem bi like wen pesin dey porshu breeze!
 E nor really get anytin wey pesin fit gain for dis world.

## *Wisdom And Foolishness*

[12] So I kon sey, make I try know di difrence
 between wisdom and foolishness.

Abi e get anytin wey who take-ova from mi won do,
wey I nor do before.
13 I don si sey, just as lite betta pass darkness,
na so too, to know sometin, betta pass foolishness.
14 Wise pipol dey si where dem dey go,
but foolish pipol dey waka fall for darkness.
But I still si sey, both wise and foolish pipol
dey sofa di same tins.
15 So I tell mysef,
"Na wetin go happen to fools, go still happen to mi!
Both of us go still die!
So wetin I kon gain
with all dis wisdom wey I get?"
So I kry kon tell mysef,
"E nor get any good tin wey wisdom dey give!"
16 Bikos both wise and foolish man, go die
and time dey kom wen dem nor go remember di wise pesin
just as dem nor go remember di foolish pesin again!
So one day, pipol go forget di two of dem.
17 So, I hate dis life, bikos evritin wey dey inside, dey give trobol. Evritin
dey yuzles and e bi like wen pesin dey porshu breeze. 18 I hate all di hard
work wey I don do for dis world, bikos evritin wey I don sofa for, I go die
leave dem for anoda pesin to enjoy. 19 And who go fit know weda di one
wey go kom afta mi go dey wise or foolish? But dem go kontrol evritin
wey I work for, for dis world! So, make una si as evritin dey yuzles! 20 So
I kon regret sey, I too work hard for dis world. 21 Some pipol work with
wisdom; with wetin dem know and with dia skill; but dem go still die leave
evritin for anoda pesin wey nor work at-all. Dis tins dey yuzles and nor
dey good at-all. 22 So wetin pipol go gain for dis life afta all dia hard work
and trobol? 23 As far as yu dey alive, evritin wey yu dey do, nor dey bring
anytin escept pain and trobol and yu nor go even fit rest well for nite. All
dis tins dey yuzles!
24 So I kon sey, nor-tin dey good dan for pesin to chop, drink and enjoy
di work wey e dey do, bikos all dis enjoyment kom from God. 25 Bikos
nobody go fit chop, drink and enjoy anytin, escept na God gi-am. 26 God
dey give wisdom, knowledge and joy to pipol wey dey do wetin E wont.
But if pesin wey dey sin get money and propaty well-well, God go take
dem from am kon gi-am to pesin wey dey do wetin E wont. All dis tins
dey yuzles too and dem bi like wen pesin dey porshu breeze.

# 3

*Time Dey For Evritin*

1 Evritin wey dey happen for dis world,
dey happen for di rite time wey God wont make e happen.
2 Time dey to born and time dey to die;
time dey to plant sometin and time dey to harvest wetin yu plant.
3 Time dey to kill and time dey to heal pesin;
time dey to skata and time dey to build.
4 Time dey to kry and time dey to laf;

time dey to mourn and time dey to dance.
5 Time dey to skata stones and time dey to gada dem again;
time dey to embrace pesin and time dey not to embrace pesin.
6 Time dey to find sometin and time dey to stop to find;
time dey to keep sometin and time dey to trowey tins.
7 Time dey to tear klot and time dey to sew;
time dey to just dey kwayet and time dey to tok.
8 Time dey to love pesin and time dey to hate pesin too;
time dey to fight war and time dey to make peace.

9 So, wetin pipol really dey gain for all di hard work wey dem do? 10 I
don si di heavy work wey God give us en pipol, so dat wi go dey busy.
11 God dey make evritin happen for di rite time. Yet nobody go fit really
undastand all di tins wey E don do and E put kweshons for awa mind
about wetin don happen before and wetin go still happen. 12 So I gri sey,
e nor get anytin wey betta rish to dey happy and enjoy yorsef as far as
yu dey alive. 13 So, make pipol chop, drink and enjoy wetin dem work for,
bikos all dis tins na God gift. 14 Bikos I know sey anytin wey God do, na
final and e go dey forever; dem nor go fit add anytin join am or remove
anytin from inside. God make evritin like dis, so dat pipol go fear am.

15 Wetin dey happen naw, don happen before
and wetin go happen for future don still happen before,
bikos God dey make di same tin happen again and again.

16 I still si sey,
for dis world, yu go si wikedness
for where good judgement and rite pipol suppose dey.

17 Den I tell mysef,
"E nor go tey before God go judge evribody,
bikos of evritin wey dem don do!
Both good and bad pipol."

18 I still sey, "God dey do all dis tins bikos of us, so dat wi go know sey wi
nor betta pass animals." 19 Na di same tin go happen to pipol and animal;
di two of dem must die. So pipol nor betta pass animal. Dis tin dey yuzles
too. 20 Di two of dem dey waka go di same place and bikos God kreate dem
with san, wen dem die, dem go turn to san again. 21 Who go fit show sey,
wen pesin die, en spirit dey go up, but wen animal die, na groun en spirit
dey go?

22 So I si sey, di best tin to do as human being, na to enjoy wetin wi don
work for. Dat na di rizin why wi dey here, bikos nobody go fit bring us
kom enjoy life again afta wi don die.

# 4

*Opreshon For Dis World*

1 Den I tink of all di wiked tins wey dey happen for dis world.
I si pipol wey dem dey opress,
dey kry and nobody dey to help dem.
Nobody dey to save dem from doz pawaful men
wey dey opress dem.
2 So I sey, e betta well-well for pipol wey don die,
pass doz wey still dey alive.

3 But di ones wey dia own betta pass,
na shidren wey dem neva born,
bikos dem neva si all di wiked tins
wey dey happen for dis world.

### *Dey Vex, Dey Work*

4 Den I tink of all di work wey pipol dey do and I kon si sey, evritin wey
dem dey do, na to know who betta pass. But all dis tins dey yuzles too, e
just bi like wen pesin dey porshu breeze.
5 Foolish pesin dey fold en hand and nor dey work,
so e nor get anytin to chop, escept en own flesh.
6 E betta make yu get small propaty with peace for mind,
dan to dey work hard,
bikos yu nor go still gain anytin
and e bi like wen pesin dey try to katch breeze.

### *Work Bikos Of Long-trot*

7 I still notis anoda tin for life wey dey yuzles.
8 E get one man wey dey stay alone, e nor get pikin or broda,
but e dey work hard to get more propaty.
But e ask ensef,
"Na who I dey work for sef wey make mi nor dey fit enjoy mysef?"
All dis tins dey yuzles well-well o-o!

### *Reward To Work Togeda*

9 Two pipol betta pass one pesin,
bikos dem get betta reward for dia work.
10 Bikos if one pesin fall, di oda pesin go help am stand.
But pesin wey dey alone, e go bad well-well for am wen e fall.
11 Na so too, wen two pipol sleep togeda, dem go fit make each oda body warm,
but na how one pesin fit take make ensef warm?
12 Dem fit attack and win one pesin wey stand alone,
but two pipol go stand fight kon win.
Na three pesin even betta pass,
bikos e dey hard to kut three rope wey dem tie togeda.

### *Wise Youth*

13 E betta make yu dey poor and wise as youth, dan to bi old foolish king
wey nor dey take advise. 14 Even if dem born dat youth for poor house or
if e dey prison since, e fit kom out kon bi king for en town. 15 I don si for
dis world as evribody dey follow one yong man wey dey lead dem afta di
king die. 16 Even doh many pipol dey support am naw, anoda generashon
go grow kon rijet am leta. So yu si, evritin dey yuzles and e just bi like
wen pesin dey porshu breeze.

## 5

### *Yeye Promise*

1 Make yu dey kareful wen yu enter God temple, bikos to kom meet God
make E tish yu, betta pass foolish sakrifice and pipol wey dey offa am, nor
know sey wetin dem dey do, nor good.
2 Make yu tink well-well
before yu tok or before yu make promise give God.

God dey heaven and yu dey dis eart,
so make yu nor dey tok too mush.
3 Too mush tinkin dey kause bad dream and di more yu tok,
di more yu go dey tok like fool.
4 Wen yu promise God sometin, make yu do am kwik-kwik, bikos E nor
get anytin to do with fools. So make yu do wetin yu promise. 5 E betta
make yu nor promise dan to make promise wey yu nor go fit keep or pay.
6 Nor allow yor mout make yu sin and nor go defend yorsef give pastor
sey, "Na mistake I take make di promise." Dat kind tin go make God vex
for yu and E fit distroy evritin wey yu don work for! 7 Bikos many dreams
and tok-tok nor mean anytin, so make yu dey fear God.

### *Life Dey Yuzles*

8 Nor sopraiz wen dem dey opress poor pipol or as bad judgement dey
kover good judgement. Dis na bikos, di lowa ofisas must do wetin dia
senior ofisas orda dem to do. 9 Na evribody dey enjoy wetin di land dey
produce; even king dey put hope for wetin dem harvest from farm.

### *Money Problem*

10 Pipol wey like money, even di one wey dem get,
nor dey rish dem and doz wey like propaty,
wetin dem get, nor dey rish dem too.
Dis kind behaviour dey yuzles too.
11 Di more yu get, di more pipol go kom help yu spend am;
di only gain for inside, na sey yu get money.
12 Pipol wey dey work hard, dey sleep well for nite;
weda dem chop small or plenty food.
But pipol wey too rish,
nor dey even fit sleep at-all.

### *Tins For Life*

13 E get anoda sirious problem wey I don si for dis world. Pesin money
fit bring wahala for am.
14 E go put am for bad business kon luz evritin.
For di end, nor-tin remain to leave for en shidren.
15 Just as pesin kom out from en mama belle naked,
na so too e go-go back naked
and e nor go karry anytin follow body.
16 Dis one too na anoda sirious problem.
Just as pesin take kom, na so too e go take go back.
And dia hard work na for nor-tin,
e just bi like wen yu dey try to katch breeze.
17 Wen e dey alive, na darkness e for dey chop
and na pain and sickness full en body.

### *Enjoy Yor Work*

18 I still don notis one tin, at least, dis one dey good: E good for pipol
to chop, drink and enjoy dia work for di short time wey God give dem to
live dia life, bikos na so God wont am. 19 E still good wen God bless yu
with money, propaty and good health wey yu go take enjoy dem. To enjoy
yor work and asept di life wey God give yu, na big gift from God. 20 God

dey always make dat kind pesin enjoy en life and e nor dey worry about anytin.

# 6

*Nor Bi Evribody Dey Enjoy Life*

1 E get anoda sirious tin wey I don still si for dis world and e dey show
for pipol life. 2 God dey give some pipol many propaty, honor and evritin
wey dem wont, but E nor dey give dem di shance to enjoy dem. Dem go
die, den anoda pesin go help dem enjoy dia propaty! Dis one dey yuzles
and bad well-well.

3 If pesin get hundred shidren and e stay for dis life kon old, but if e nor
get happiness and dem nor do betta beri for am, den I go sey, "Pikin wey
dem just born and e die, betta pass am." 4 E for betta sey dem nor born
dat pikin, bikos en life disappear enter darkness. E nor even get name. 5 E
nor ever si day lite or know wetin life bi, but at least, e get rest 6 pass di
man wey stay 2,000 years for dis world and e nor ever enjoy am. Afta all,
di two of dem dey go di same place.

7 Pipol dey work just bikos of wetin dem go chop,
but dem still nor dey beleful.
8 So, how wise pipol take betta pass pipol wey bi fool?
Poor pesin wey sabi work well-well,
wetin e go gain for dis life?
9 So, make yu enjoy wetin yu get,
instead of wetin yu wont
and stop to dream of tins wey dey yuzles,
like pesin wey dey porshu breeze.

*As Life Bi*

10 Evritin wey dey happen,
na wetin God don sey go happen
and all of us know sey,
yu nor go fit argue with pesin wey strong pass yu.
11 Bikos di more pesin dey argue,
di more en word nor dey mean anytin,
so how dat one go take benefit anybody?

12 Who know wetin good for pesin for dis yuzles and short life wey wi
dey live? Life wey bi like shadow, how wi won take know wetin go happen
for di world afta wi don die?

# 7

*Wisdom And Foolishness*

1 To get good name betta pass perfume wey dear well-well and di day wen pesin die,
betta pass di day wen dem born am.
2 E betta to go house where dem for dey kry
dan to go where dem for dey celebrate;
bikos evribody go die one day.
So make pipol wey still dey alive
put dis one for dia mind.
3 E betta make pesin dey tink about life,

dan sey e dey laf anyhow.
Bikos to dey tink and dey kwayet,
good well-well for di heart.
4 Pesin wey always dey tink about happiness, na fool,
but pesin wey get sense, go still dey tink about deat too.

### *Yeye Life And Wisdom*

5 E betta make wise pesin korrect yu
dan make fool praiz yu.
6 Bikos just as shuku-shuku dey burn for fire,
na so fool life bi.
Dis one too dey yuzles.

### *Human being Sense*

7 True-true, opreshon fit turn wise man to fool,
just as bribe dey korrupt di mind.
8 To finish anytin wey yu start, betta pass wen yu start am,
just as to dey patient betta pass to dey proud.
9 Always dey kontrol yor tempa,
bikos vexnashon go turn yu to fool.
10 Nor ever ask, “Wetin make evritin bad dis days pass as dem bi before?”
Bikos e nor dey wise to ask dat kind kweshon.

### *Wisdom Dey save*

11 Wisdom dey sweet well-well wen money dey,
bikos both wisdom and money dey good well-well for dis life.
12 Wisdom and money fit give yu anytin wey yu wont for life,
but na only wisdom fit save yor life.
13 Make yu asept di way God kreate tins;
abi e get who go fit strait wetin God don bend?
14 Wen God give yu money, make yu tank God and enjoy am,
but wen sofa kom,
make yu know sey e still kom from God too,
bikos nobody go fit tok how tumoro go bi.

### *Law For Life*

15 I don si evritin for dis yuzles life;
good yong pipol wey kwik die before dia time
and wiked pipol wey dey get long life.
16 So make yu nor dey too good or too wise,
if not e go distroy yu!
17 Make yu nor dey too wiked or bihave like fool,
if not, yu fit die before yor time!
18 But make yu listin to all dis warnin,
bikos anybody wey dey fear God, go dey save.

### *Nobody Wise*

19 Pesin wey wise,
strong pass ten pipol wey dey rule di town,
20 bikos e nor get anybody for dis world
wey dey good well-well and nor dey sin.
21 So, make yu nor listin to wetin pipol dey tok,

if not, yu go hear yor savant dey curse yu,
22 bikos yu know for yor own heart too,
how many times yusef don curse oda pipol.
23 I dey always try my best make wisdom
guide wetin I dey tink and evritin wey I dey do.
Den I tell mysef,
"I dey ready to learn"
but I nor fit undastand am at-all.

### *Human being Wisdom Get End*

24 Evritin wey don happen, too hard for human being to undastand;
dem too deep for us to tink about.

### *True Wisdom*

25 So I try to search evriwhere to get wisdom
and to undastand why tins dey happen di way dem dey happen
and I dey ready to prove to mysef sey,
wikedness dey stupid and foolishness dey bring madness.
26 I still si sey, woman wey wont make man sleep with am,
dey set trap for am
and dis one dey wiked and bad pass deat.
Pipol wey dey obey God, go fit eskape am,
but doz wey dey sin, go enter di trap.
27 Di Tisha sey: "I undastand all dis tins wen I dey try to look for ansa
to evritin.
28 "Wetin I dey find since, I neva still si am;
I si sey among 1,000 pipol,
na only one man dey good,
but I nor si any woman wey good among dem.
29 But I still learn dis one too:
God kreate evribody make dem dey good,
but dem don dey do wiked tins as dem like."

# 8

### *Obey Di King*

1 Na who wise and get sense?
Na Who know di ansa to dis problem?
Wisdom dey make pesin smile
and remove vexnashon from en face.
2 So since yu don promise God sey yu go dey loyal to am, den make yu
obey di king kommand. 3 Make yu nor rush komot from di king present;
nor put yor hand for bad tin, bikos di king fit do anytin wey e like. 4 Anytin
wey e kommand, pawa dey follow am and nobody go fit go against or
kweshon en authority.
5 Di king nor go ponish pesin wey dey obey am and doz wey dey wise,
go find di way and time to do wetin dey good.
6 E get time and how to do tins;
bikos di king ponishment dey strong well-well.
7 True-true, nobody know tumoro
and nobody fit tell anoda pesin wetin go happen tumoro.
8 Wi nor fit kontrol breeze

or tok di day wen wi go die.
Dat na one war wey wi nor fit run from
and wikedness nor go fit save doz wey dey do evil.
9 All dis tins wey dey happen for dis world, I don tink about dem well-
well kon si sey time dey for pesin to opress en neighbour as e like.

*Against Di Law*

10 I si as dem beri wiked pipol with honor, but God pipol dey komot di
holy town and pipol dey forget dem. All dis tins nor make sense at-all.
11 Wen dem nor kwik ponish pesin wey do bad, pipol go tink sey e dey
good to do bad. 12 If pipol wey sin hundred times still get long life, den I
know sey pipol wey dey fear God, na dia life go long pass. 13 But wiked
pipol nor go prosper, bikos dem nor dey fear God. Dia life go kwik finish
like pesin shadow.
14 E still get oda yuzles tins for dis world: Sometaims, wi dey trit good
pipol like sey dem wiked, den trit wiked pipol like sey dem dey good and
na dis dey yuzles pass. 15 So I sey make wi dey enjoy awasef, bikos di only
good tin for dis world na to dey chop, drink and enjoy awa short life. Na
so wi go take enjoy di happiness and hard work wey God give us to do for
dis world.
16 But for day and nite, I nor dey sleep bikos I dey try to undastand wetin
dey happen for dis world. 17 I notis sey nobody go fit know evritin wey
God dey do for dis world. Aldo wise pipol fit klaim sey dem know, but
dem nor know anytin at-all.

# 9

*Evribody Go Die*

1 So as I sidan dey tink dis tins make I for undastand dem, I kon si sey,
na God dey kontrol evritin wey raitious and wise pipol dey do. Even doh
wi like or hate anytin, nobody know wetin go happen for future. 2 Weda
wi dey raitious or wiked; good or bad; dey klean or not; dey offa sakrifice
or not, na di same tin go happen to all of us, bikos pesin wey good nor
betta pass sina and pipol wey dey make promise give God, nor betta pass
doz wey nor dey make.
3 Dis na di bad part about evritin wey dey happen for dis world: na di
same tin go happen to evribody. Plus dis sef, na wikedness full human
being mind and na wetin dem like dem dey do, den one day, dem go die.

*E Betta to Dey Poor And Get Life*

4 But doz wey dey alive get hope, bikos dog wey dey alive, betta pass
lion wey don die!
5 Pipol wey dey alive naw, know sey one day dem go die,
but pipol wey don die,
nor know anytin and dem nor get any reward again;
pipol nor dey remember dem again.
6 Evritin wey dem do wen dem still dey alive, weda dem love,
hate or bin dey jealous pesin, all don die follow dem go.
Dem nor get part for anytin wey dey happen
for dis world again.

*Life Two short*

[7] So, make wi kontinue to chop with joy and drink with happiness for
awa heart, bikos God don already asept awa work. [8] Make wi always let
awa klot dey klean and spray betta perfume for body! [9] So as far as wi
dey live dis yuzles life wey God give us, make wi enjoy am with awa wife,
bikos dat na awa reward for all di trobol wey wi dey face for dis world.
[10] So, anytin wey yu dey do, make yu do am well, bikos wons yu die, yor
wisdom, knowledge, work and plans, nor go mean anytin again.

### *Wisdom And Shange*

[11] I don still notis anoda tin for dis world sey;
nor bi who run pass dey always win di race
and nor bi di sojas wey strong pass,
dey always win di war.
Wise pipol dey hongry sometaims
and just as pipol wey dey work hard
nor dey always get money,
na so too pipol wey know book
nor dey always get betta life.
All dis tins dey happen by shance,
as long as yu dey di rite place for di rite time.
[12] True-true, nobody know di time wen dis tins go happen!
Like fish wey net katch or bird wey enter trap, na so too,
wahala just dey kom meet pipol by sopraiz.

### *Pipol Nor Like Advise*

[13] Dis na anoda tin wey I don si about wisdom and I like am, bikos of di
way tins dey happen for dis world. [14] E get one town and di pipol wey dey
inside nor many. Den one king wey get pawa well-well bring en sojas kon
attack dem. [15] But one poor wise man for der, know wetin to do, so dat di
town go dey save. So e do am kon save evribody. But afta, nobody tink
am for dia heart sey, make dem tank di man. [16] So I kon si sey, wisdom
betta pass pawa, but nobody go respet wise man wey poor; nobody go gri
listin to en advise bikos e nor get money.

### *Wisdom And Fool*

[17] Wise pipol nor dey shaut wen dem dey tok
and dis betta pass king wey dey shaut and tok to fools.
[18] So wisdom dey good pass swod,
but one sin fit distroy many-many good tins.

# 10

### *Wisdom To Live*

[1] Just as fly wey don die dey make perfume smell,
na so too small foolishness dey spoil pesin wisdom and respet.
[2] Wise man sense dey protet am,
but di sense wey fools get, dey put dem for wahala
[3] and even wen foolish pesin dey waka for road,
e dey know and show evribody sey e bi fool!
[4] If yor oga dey vex for yu, make yu nor vex stop di work wey yu dey do,
bikos gentol spirit dey korrect big mistake.
[5] E get anoda bad tin wey I don si for dis world
and na big mistake wey kings dey make,

6 bikos dem go give betta pozishon to fools
kon put wise pipol for di yeye ones.
7 I don even si where savant dey ride horse like sey e bi prince,
while prince dey waka like sey e bi savant!
8 Anybody wey dig pit for odas, go fall enter by ensef
and pesin wey break wall pass, snake go bite am.
9 Anybody wey dey work for where dem dey kut stones, di stones fit fall press am.
If yu dey kut wood, di axe fit still wound yu too.
10 Yu go nid to use more pawa take kut wood if di axe wey yu dey use nor sharp,
so make yu sharp di axe well.
Dis na di value wey dey wisdom
and e go help yu susid.
11 If snake bite pesin before dem sharm am,
den e nor get nid to koll di pesin wey dey sharm snake.

### *Wise And Foolish Men Work*

12 Wise pesin word dey favor am,
but fool own, dey distroy am,
13 and na only yeye tins fools dey tok
and na madness dey end am,
14 bikos dem go just dey tok anyhow waka.
So, nobody really know wetin go happen naw
or di ones wey go happen for future.
15 Foolish pesin work dey kwik taya am,
bikos e nor even know road to follow go en house.
16 E go bad for any town wey dia king dey tink like small pikin
and dia leaders dey always do party till day break.
17 Kountry wey en king get betta karata,
wey en leaders dey chop for di rite time,
so dat dem go get pawa and nor dey drink anyhow,
na blessing go follow dem.
18 Na so too, wen pesin too lazy to ripair en house,
wen en zink dey leak, di house go fall.
19 Party na to make pesin happy and to dey drink wine dey bring joy,
but na money dey ansa evritin!
20 Make yu nor curse di king for yor mind
or curse rish pipol for yor room,
bikos one small bird fit karry
wetin yu dey tok and tink, go tell dem.

## 11

### *Wise Pesin Work*

1 Put yor money for betta business
and e nor go tey before yu go bigin gain am.
2 But e betta if yu put am for many business,
bikos yu nor know where wahala go from kom.
3 If wota full di kloud,
den rain must surely fall
for di eart and weda tree fall go nort or sout,

di tree must stay for where e fall put.
4 Any farmer wey dey wait for betta weda,
nor go ever plant seed
and if e dey look di kloud to know weda rain go fall,
e nor go ever harvest wetin e plant.
5 Just as yu nor go fit undastand how breeze dey blow
or how pikin take dey grow for en mama belle,
na so too yu nor go fit undastand
how God take make evritin.
6 So, make yu go plant yor seed for morning
and nor stop to work until evening;
bikos yu nor know di one wey yu do wey go bring gain for yu;
weda na dis one, dat one or di two.

### *Live Life Well*

7 Lite sweet well-well
and e dey good to si anoda new day.
8 So if pesin get long life,
make e dey happy as e dey live di life.
But make e still know sey, di days wey darkness go dey,
many well-well and evritin wey go still happen, dey yuzles.

### *Fear God Kon Enjoy Life*

9 Yong man, make yu happy as yu dey yong!
Make yu enjoy evry minute for dis life
and do evritin wey yu won do;
but remember sey yu go tell God evritin wey yu dey do.
10 So, anytin wey go make yu sin, make yu remove dem from yor mind,
so dat yor body go dey strong, bikos yong life na for enjoyment.
But remember sey yu nor go yong forever o-o.

# 12

### *Fear God naw*

1 So, make yu remember and honor di Pesin wey kreate yu
naw wen yu still dey yong,
bikos wen yu don old, yu go sey,
"Life nor sweet again."
2 Remember am before di sun, moon and stars go dark
and before kloud disappear wen rain don fall finish.
3 Remember am before doz wey dey guide yor house bigin shake with fear.
Dat time, yor strong men go don dey weak.
Make yu remember am naw,
before yor tit go pul finish
and yor eyes nor go fit si well again.
4 Remember am naw,
before life opportunity door go klose
and work nois go fade komot yor ear.
Naw, yu dey wake-up with bird nois,
but den, all di sound go dey komot small-small from yor ear.
5 Remember am naw,
before yu go kon dey fear to klimb high place
or to waka for road;

den yor hair go don turn white like almond tree wey dey shine
and yu go hardli fit karry yorsef just like grasshoppa wey dey die;
den all di mind to dey sleep with woman or man,
go vanish and small time,
yu go-go yor final resting place,
den pipol go mourn for di street for yu.
6 Yes! Make yu remember di Pesin wey kreate yu naw wen yu dey yong,
before di silva shain go kut and di gold lamp go fall break.
Nor wait until di wota pot go skata
or di rope for di well go kut.
7 By den, yor body go-go back to groun where e from kom,
while di spirit go-go back go meet God wey bin gi-am to yu.

### *Konklusion*

8 So di tisha sey, "Evritin dey yuzles.
Yes! Dem yuzles well-well."

9 Nor bi sey na only sense di tisha get, but e still dey tish di pipol how to
get wisdom. E take en time take tish and show dem many proverbs. 10 Di
tisha kon try to find good words wey go make us know di trut; 11 bikos
word wey wise pesin tok, bi like di sharp stik wey shepad dey use and
wise words bi like word wey dem nail well for wall and na God bi di
Shepad wey give us all dis tins.

### *Fear God And Obey En Kommand*

12 But my pikin, make I warn yu: nor add join dis words; bikos pipol go
still dey rite many book and too mush readin, go make yu kwik old.
13 So, since yu don hear evritin,
dis na my last advise:
"Make yu fear God and obey all en kommands,
bikos na wetin man suppose do, bi dat."
14 For evritin wey wi dey do, make wi know sey God go judge us;
even di ones wey wi do for sekret,
weda dem dey good or bad.

# Song of Songs
## Introdushon

For Middle East, wen pipol won marry, di man and di woman go dress like king and kween. Some of di tins wey dem dey do na to sing some special songs wey tok about how di wife to bi and di husband to bi, beautiful or fine rish. Di Songs of Songs bi love songs wey dem gada togeda. Song of Songs fit bi sey King Solomon wey sabi kompose songs (1 Kings 4:29-34), naim rite dem. But e fit still bi sey all di songs na to show how King Solomon glory shine rish.

Di arrangement of di songs tell di story about one man and di woman wey e won marry and diskribe dia marriage like royal marriage and how dem start dia life togeda. Afta dis introdushon, di book get six parts and each part end with story about di man and di woman friend. Oda pipol still kom follow dem celebrate durin di marriage ceremony. All di songs tok about how marriage life and love between man and woman suppose bi, as God kreate am.

*Introdushon*

1 Dis na Solomon love song.

*Di Woman*

2 Yes! Make yu kiss mi well-well,
bikos to sleep with yu sweet pass wine.
3 Si as yor perfume dey scent well-well
and yor name bi like di perfume wey fine pass.
No wonder wimen love yu well-well!
4 Draw mi follow yu! Make wi kwik komot here!
Make di king take mi go en room.
Awa king, wi dey happy well-well,
bikos of yu and wi like yor love pass wine.
Yes, di yong wimen dey honor yu
and dat na di rite tin to do.
5 Jerusalem wimen,
I bi black and fine woman;
I black like Kedar and Solomon tents.
6 So make una nor dey look mi anyhow
bikos sun don make my skin black.
My brodas dey vex for mi, so dem kon force mi dey work for farm
and bikos of dat, I nor fit kare for my body.
7 My love, make yu tell mi!
Na where yu won go feed yor animals today?
Where yor sheep dem go for rest dis aftanoon?
Make yu tell mi, if not I go dey waka up-and-down
like ashawo for where yor friends and dia animals dey!

*Di Man*

8 My woman!
Di one wey fine pass among wimen!
If yu dey find mi, make yu follow my animals

footstep rish where I dey
kon kare for yor small goats near di shepad tent.
9 My love, yu bi like woman horse for where Fero man horse dem dey.
10 Yor face dey shine well-well, bikos of di oil wey dem take rub am
and di difren shains wey yu wear, don make yor neck fine too.
11 So, wi go make gold ear-ring
and silva beads for yu.

*Di Woman*

12 As di king sidan for en tabol where e for dey do party,
my perfume smell kon make am dey happy.
13 As my love put en head on-top my breast thru-out di nite,
en whole body kon dey smell like myrrh.
14 My love bi like Henna flower
wey dey shine well-well for En-Gedi Field.

*Di man*

15 Si as my darlin fine well-well,
make yu si as yu fine rish!
Yor eyes bi like dove own!

*Di Woman*

16 Yes! Yu too fine my love and I dey happy to always dey with yu.
Na di grass go bi awa bed
17 and na cedar wi go take design awa house
kon build di roof with Cypress tree.

# 2

*Di Woman*

1 Na mi bi di Rose flower from Sharon,
di lily flower for di valley.

*Di Man*

2 Just as lily flower dey among shuku-shuku,
na so my darlin bi among oda yong wimen.

*Di Woman*

3 Just as apple tree dey among oda trees for forest,
na so my love bi among di yong men.
I dey like sidan for where e dey
and en fruit dey sweet mi to chop.
4 E take mi go di party
kon show mi as e love mi rish.
5 E give mi kake, so dat I go get pawa
kon add apples join am,
bikos en love won make mi faint.
6 E dey rub my head with en left hand
kon dey massage mi with en rite hand.
7 Jerusalem wimen! Make una promise mi with animals,
like deer and gazelle sey,
una nor go disturb awa love.
8 Make una listin! My love dey kom.
Si! E dey pass di mountins

and di hills dey kom meet mi.
9 My love bi like gazelle or yong deer.
Look! E stand for back of awa wall,
where e for dey look di room thru di window.
10 My love tell mi sey, “Get up, my darlin!
My fine wife,
make yu kom follow mi go!
11 Si! Kold sizin don pass
and rain nor dey fall again.
12 Di flowers don dey grow
and di time wen birds dey sing,
don kom and naw,
wi dey hear dove dey sing for awa land.
13 Fig tree don dey bring fig fruit kom out
and di breeze dey scent with fresh vines.
So get up, make yu follow mi, my darlin and sweet wife;
kom follow mi make wi dey go!”

*Di Man*

14 Yu bi like dove wey hide inside rock,
so make yu allow mi si yor fine face
kon hear yor sweet vois.
15 Make una katch all di fox for us;
especially di small-small ones,
before dem go distroy awa vineyard.

*Di Woman*

16 My love na my own and I bi en own too;
e dey feed en animals for where lilys dey.
17 My love, before di morning breeze go blow and darkness go disappear,
make yu kom back kom meet mi like gazelle or yong deer
wey dey on-top mountin.

# 3

*Di Woman*

1 As I sleep for my bed thru-out di nite,
I find di one I love with my heart and soul,
but I nor si am.
2 So I tell mysef, “I go get up go di town,
enter di street
kon follow korna-korna go find di pesin wey I love.”
So I find evriwhere, but I nor still si am.
3 So wen I si di men wey dey guide for nite,
I kon ask dem, “Una si my love?”
4 As I waka pass dem small,
I kon si di pesin wey I love.
I hold am tight and I nor wont make e go,
so I take am go my mama house;
to di bedroom where e for get my belle.
5 So Jerusalem wimen,
make una promise mi with gazelle and deer
sey una nor go disturb awa love.

*Jerusalem Yong Wimen*

6 Who dey waka kom from di desert like smoke or like incense and myrrh?
Na fine incense wey dem dey sell?
7 Si! Na Solomon dem karry for en throne dey kom
and na sixty fine sojas for Israel dey guide am.
8 All of dem sabi use swod well and dem train dem well to fight war.
Each of dem swod dey near dia waist
and dem dey guide against anybody wey won attack dem for nite.
9 King Solomon use Lebanon wood
take make one chair for ensef.
10 Dem make di korna with silva kon design di back with gold.
Na purpol klot dem take wrap am
and na Jerusalem wimen dekorate am with leda.
11 So Jerusalem wimen,
make una kom si King Solomon dey kom.
E wear di crown wey en mama take crown am
for di day wen e marry and na dat day,
sweet pass for en life.

## 4

*Di Man*

1 My darlin, yu too fine!
I nor fit diskribe as yu fine rish.
Even with di lite klot wey yu take kover face,
yor eyes still dey shine like dove own.
Yor hair dey dance like woman goat
wey dey kom from Mount Gilead.
2 Yor tit dey white like sheep wey dem just barber en hair kon wosh en body klean.
Yor tit komplete and all of dem mash each oda.
3 Yor lips bi like red klot;
yor mout sweet well-well.
Yor fore head for di lite klot wey yu take kover,
bi like pomegranate fruit.
4 Yor neck fine well-well like David towa and e round and smooth
and yu wear necklace wey get 1,000 tins wey dey guide am.
5 Yor two breast bi like gazelle or deer
wey bi twins wey dey chop for where lily flower dey.
6 Before di morning breeze go blow and darkness go disappear,
I go hurry go myrrh mountin and incense hill.
7 My love, yu too fine
and dey pafet!
8 My wife to bi, make yu follow mi from Lebanon.
Make yu kom down from Mount Amanah,
from Senir and Hermon and where lion and leopard dey stay.
9 My sista and wife, yu don tif my heart!
Only di way yu dey look mi and di necklace wey yu wear,
don tif my heart.
10 My sista and wife to bi, yor love dey sweet mi for body.
Yor love betta pass wine and yor perfume scent pass spices.

11 My wife to bi, yor lip sweet like honey,
bikos honey and milk dey under yor tongue.
Yor klot dey scent like cedar for Lebanon.
12 My sista and wife, yu bi my sekret gardin;
my fine gardin wey get en own well.
13 Yu bi royal gardin wey pomegranate fruit and fine fruit
like Hena and Nard tree, full:
14 Nard and saffron flower;
kalamus and sinamon with difren spice, myrrh, aloe
and some oda fine-fine spice, still dey der too.
15 Yu bi gardin wey get fountain;
well wey get fresh wota wey dey kom down from Mount Lebanon.

*Di Woman*

16 Breeze from nort, make yu wake-up!
Breeze from sout, make yu blow my gardin
kon spread yor scent round am.
My love, make yu kom my gardin
kon taste en betta fruit.

# 5

*Di Man*

1 I don enter my gardin, my treasure and wife to bi!
I don gada myrrh with spices
and I don chop my honi-komb and my honey;
I don drink my wine and my milk!
Una wey sabi love, make una chop
and drink until love shark una.

*Di Woman*

2 I dey sleep, my heart dey dream;
bikos I hear my love dey nok and sey:
"Open for mi, my treasure and darlin;
my dove and di rite pesin for mi,
bikos dew don wet my head and dust don make my hair dirty."

*Di Woman*

3 But I ansa, "I don already pul my klot, make I wear am back again?
I don wosh my leg, make I dirty am again?"
4 My love try to open di door from outside thru di hole
and I kon dey feel for am.
5 So, I stand won go open di door for my love,
but perfume and myrrh full my hand
as I dey try to open am.
6 I open di door for my love, but e don go!
I vex well-well.
I look evriwhere, but I nor si am.
I koll am, but nobody ansa mi.
7 Di guide dem for nite si mi as dem dey waka dey guide di town wall.
Dem beat, wound and remove di klot wey I take kover my face.
8 So Jerusalem wimen, make una promise mi sey:
If una si my love, una go help mi tell am sey,
en love don make mi dey sick.

*Di Wimen*

9 Woman wey fine well-well,
wetin make yu tink sey yor love betta pass oda men?
Wetin dey good about yor love,
wey go make us promise yu?

*Di Woman*

10 My love fine well-well and e dey strong;
e betta pass 10,000 pipol!
11 En hair bi like fine gold
and e dey shine like black bird.
12 En eye dey shine like dove wey dey near spring wota;
dem bi like betta gold wey dem wosh with milk.
13 En jaw bi like gardin wey en spices dey scent and
en lip bi like flower wey dem spray myrrh put.
14 En hand round like gold with beryl stone
and en body bi like elefant horn wey dey shine like safaya stone.
15 En leg bi like pila wey dem design with marbol and gold;
while en face bi like cedar for Lebanon.
16 En mout sweet well-well to kiss and evritin about am,
dey sweet mi for body.
So, Jerusalem wimen!
Dis na wetin my love bi like.

# 6

*Di Wimen*

1 Woman wey fine pass among oda wimen,
na where yor love go?
Na wish place e pass,
so dat wi go help yu go find am?

*Di Woman*

2 My love don go en gardin;
e don go where sweet spices dey.
Na for der, e go feed en animals
kon gada lily flowers.
3 I bilong to my love and e bilong to mi.
E dey feed en animals among di lily flowers for di valley.

*Di Man*

4 My darlin, yu fine like Tirzah town.
Yes! Yu fine like Jerusalem kon sweet like di great town.
5 Nor look mi with yor eyes,
bikos dem dey sweet mi for body.
Yor hair skata like goat
wey dey kom down from Gilead Mount.
6 Yor tit white like sheep wey dem just wosh klean;
each of di tit na two dem bi and dem komplete.
7 Even with di lite klot wey yu take kover,
yor jaw still bi like pomegranate fruit.
8 Even if I get sixty kweens,
eighty girl-friends and many wimen around mi,

9 na-im bi di only one wey I love
and e fine like dove.
Na-im bi di only girl wey en mama born
and en mama like am well-well.
So evry woman dey bless am;
even di kweens and my girl-friends dey praiz am.
10 “So, who bi dis wey appear like morning lite;
wey fine like moon;
dey shine like sun kon get stars like soja wey get many rank?”
11 I go di place where dem plant walnut tree
kon from der dey fine di valley bottom
so dat I go si if di plants don grow or if dem dey shine well.
12 But before I know,
I si mysef for di royal war horse with my love.

*Di Woman*

13 Make yu kom back. Abeg!
Make yu kwik kom back,
so dat wi go fit si and look yor face again!
Why una wont make dis Shullam woman dance
Mahanaim style with di odas?

# 7

*Di Man*

1 Fine woman! Make yu si as yor leg fine for inside sandal.
Yor lap round like gold wey betta goldsmit make.
2 Yor pompu round like cup wey full with wine wey dem mix.
Yor belle bi like many korn seed wey lily gada round.
3 Yor two breast bi like gazelle
or deer wey bi twins.
4 Yor neck fine just like ivory towa
and yor eyes bi like Heshbon Pool
wey dey shine near Bat-Rabbim Gate.
Yor nose fine like Lebanon towa
wey face Damaskus.
5 Yor head fine like Mount Karmel.
Yor hair dey shine like design wey dey di king garment.
Di wey e fine, dey sopraiz di king well-well.
6 So my love, make yu si as yu fine rish!
Yes! Yu too fine;
si as love make yu komplete well-well.
7 Yu slim like palm tree
and yor breast bi like palm fruit.
8 I sey, “I go klimb di tree kon plok en fruit.
To mi, yor breast bi like grape and di smell from yor nose,
dey scent like apple.”
9 So make yor mout taste like di wine wey good pass,
wey go flow small-small enter awa lips wen wi dey sleep togeda.

*Di Woman*

10 I bilong to my love
and e don take mi as en own.

11 My love, kom dis nite
make wi go sleep on-top di flowers for di field.
12 Make wi wake-up for early morning go di vineyard,
so dat wi go si weda di grape vine don get new leaf
and if di leafs don open
or if di pomegranate fruit don dey grow.
And na for der I go for give yu my love.
13 Di mandrake fruit and di fruit wey fine pass,
dey give us sweet smell.
My darlin, difren kind of good tins dey awa door-mot
and I don keep both old and new wons for yu.

# 8

*Di Woman*

1 I wish sey yu bi my broda,
wey suck my mama breast.
Den I for fit kiss yu, even if pesin dey look us
and nobody go tok anytin.
2 My mama wey tish mi,
I go take yu go en house.
I go give yu betta wine drink.
Yes! Even my sweet pomegranate wine.
3 Yu go rub my head with yor left hand
kon massage my body with yor rite hand.
4 Jerusalem wimen,
make una promise mi sey una nor go disturb awa love.

*Di Wimen*

5 Who bi dis wey hold en love dey waka
kom from di desert?
I wake yu up from under di apple tree
where yor mama for born yu.
For der, yor mama dey kry with pain,
wen e dey born yu.
6 Make only mi dey yor heart
and make I bi like betta ring for yor hand,
bikos love strong like deat and feelins for pesin,
bi like grave wey nor dey full.
E bi like heavy fire and e dey katch well-well.
7 Even strong wota nor fit kwensh love;
river nor go fit swallow love.
Pesin nor go fit buy love with all en propaty,
bikos dem nor dey sell am.

*Di Woman Broda*

8 Wi get one small sista wey neva get breast and naw,
wetin wi go do,
wen one yong man one marry am?
9 If e bi wall, wi go build towa with silva for am;
but if e bi door, wi go protet am with cedar.

*Di Woman*

10 I bi wall before and my breast stand like towa where dem dey keep tins put,
so wen ever my love look mi, e dey always dey happy,
bikos of wetin e dey si for my body.
11 Aldo Solomon hire en vineyard give farmers for Baal-Hamon
and each of dem dey gi-am 1,000 silva koin
wen ever dem harvest di fruit.
12 But na only mi get my vineyard
and Solomon nor nid to pay 1,000 silva koin.
But I go give two hundred silva koin
to di pipol wey dey kare for di vines.

*Di Man*

13 My love, make I bi di first to hear yor vois from di gardin,
bikos my friends dey wait to hear am too.

*Di Woman*

14 My love, make yu kwik kom meet mi
like gazelle or yong deer
wey dey on-top di mountin where spices for dey grow.

# Isaya
## Introdushon

Profet Isaya tok to di whole Judah kingdom for forty years. E start from di year wen King Uzzaya die (around 740 BC), go rish wen Assyria sojas surround Jerusalem for 701 BC. Jos like all oda di profets, Isaya message na about di good kovenant wey God make with en pipol, Israel. E use songs and oda ways to diliver di message for publik. Unlike some oda profets, Isaya dey fit go meet di king wey dey rule, for en time wey e like. Dat time, e dey fit advise King Ahaz and King Hezekaya on how e feel sey God won make tins bi even wen Assyria pipol dey treaten di full Israel kingdom. Thru-out Profet Isaya book, e just dey sey Israel pipol life na to konect with doz wey dey di oda side for di world.

Isaya tell di pipol make dem always dey kare about poor pipol and doz wey nor get, make dem always dey follow and do wetin God tok and make dem dey judge well for evritin. Di kind profet wey e bi, dey always tok about di judgement wey dey kom, bikos Israel pipol fail God, but e still tok about di promise sey God go restore Israel pipol and evry oda pesin for di whole world. God dey show en korreshon thru di new tins wey E dey do. Profet Isaya message still tok about di savant wey dey kom sakrifice en life so dat wi go dey well. Di "savant song" still bi like wen God pipol dey kom back from Babilon wer dem for bi slave and as God return to en pipol, so all of dem kon turn from sin kon meet God. Doz wey rite di New Testament dey still tok about Profet Isaya wey sey Israel pipol must bring blessing kom di world and how dis tin go take hapun.

*Introdushon*

1 Na for di time wey Uzzaya, Jotam, Ahaz and Hezekaya bi king for Judah, naim God take show dis message to Isaya, Amos pikin, about Judah and Jerusalem pipol.

*Obey And Sakrifice*

2 Heaven and eart, make una listin to wetin God tok:
"Di shidren wey I train by mysef don turn against mi.
3 Melu know en owner, donkey sef know who dey gi-am food,
but Israel wey bi my pipol nor know or undastand mi at-all."
4 Una own don finish like who don die,
bikos una pipol dey kommit sin.
Una don spoil finish
and dey do evil tins!
Una sins dey bring una down, bikos una don rijet di Holy Pesin,
wey bi Israel God kon turn against am.
5 Israel pipol, wetin make una still wont
make dem beat una?
Una wont make dem ponish
una pass dis ones?
Sore don already full una head
and una body don rotin finish.
6 From una head go rish una leg,
na sore full am.

Una body don skata,
bikos sore full evriwhere and dem nor bandage,
klean or trit dem at-all.
7 Una land don skata and fire don burn una towns finish.
For una front, strenjas dey distroy una plants
kon skata evritin wey dem si.
8 Na only Jerusalem remain and e bi like one small house
wey dem build for farm or for cucumber field.
9 If to sey Oga God wey get pawa nor let some of di pipol survive,
dem for don distroy Jerusalem finish,
like Sodom and Gomorrah.
10 So Sodom leaders, make una listin to wetin God dey tell una.
Gomorrah pipol, make una put ear for wetin God dey tish una.
11 E sey, "Una sakrifice nor mean anytin to mi.
I don taya for una animal ofrin;
I nor like una goats, bull or melu blood.
12 Who sey make una dey bring dis animals
wen una dey kom woship mi?
Who sey make una dey mash round my temple?
13 Make una stop to bring una yuzles ofrins
bikos di smell of di incense wey una dey burn,
dey make mi vex.
I nor wont una new moon festival;
una Sabat and where una for dey gada woship mi,
bikos sin don spoil all of dem.
14 I hate una new moon festival and di oda feast
wey una dey celebrate, don taya mi.
I nor fit bear dem again.
15 Wen una raiz una hand dey pray,
I nor go look una.
Even if una pray many prayers, I nor go listin,
bikos blood don stain una hand.
16 Make una go wosh unasef klean
and stop all di evil tins wey una dey do.
17 Make una learn to do good;
make una make sure sey una dey judge well;
make una help doz wey dem dey opress.
Pipol wey nor get papa and mama,
make una give dem wetin dem wont
and make una help wimen wey dia husband don die."
18 Afta una don do like dat, den God go sey,
"Make una kom make wi setol di matter naw.
Even doh una don stain unasef with blood bikos of una sin,
I go wosh una white like snow.
Even doh una stain red well-well,
una go kon dey white like wool.
19 If una obey mi,
una go chop di good food wey di land dey produce.
20 But if una sin against mi, una go die.
Mi, wey bi God, don tok."

### *Di Town Wey Dey Sin*

21 Di town wey dey faithful before,
don dey do like ashawo!
Na only holy men dey inside before, but naw,
na doz wey dey kill pipol, remain.
22 Jerusalem pipol, before-before, una bi like silva,
but naw, una don dey yuzles.
Una bi like good wine before,
but naw, una bi like ordinary wota.
23 Una leaders don rijet mi and na tif bi dia friends;
dem dey always kollect bribe from pipol.
If pipol wey nor get papa and mama
and doz wey dia husband don die bring dia kase kom meet una,
una nor dey defend or listin to dem.
24 Naw, make una listin to wetin Israel God wey get pawa, dey tok,
"I go fight against my enemies
kon pay dem back for wetin dem do.
25 I go take akshon against una.
I go make una dey pure like iron wey dem burn,
den una go dey klean.
26 I go give una betta rulers with doz wey go advise una well
just like di ones wey una get before.
Den pipol go koll Jerusalem holy and faithful town."
27 Bikos God dey holy, E go save Jerusalem
and anybody wey turn from sin kom meet am.
28 But E go kill anybody wey dey sin and fight against am.
E go kill anybody wey nor respet am.
29 Una go shame for unasef,
bikos una woship trees kon build some juju gardin.
30 Una go fade like oak tree wey dey die;
like gardin wey nobody pour wota put.
31 Just as dem dey distroy grass with fire,
na so dem go distroy men wey get pawa
bikos of di evil wey dem do
and nobody go fit stop di distroshon.

# 2

### *Peace Wey Nor Dey End*

1 Dis na di message about Judah and Jerusalem wey God give Isaya wey
bi Amos pikin.
2 Time dey kom wen di mountin where di temple dey,
go dey important pass evry oda mountin.
Many nashons go-go der
3 and pipol go dey sey,
"Make wi klimb go God mountin.
Yes! Make wi go Israel God Temple,
den E go tish us wetin E wont make wi do
and wi go waka for di road wey E choose.
Bikos betta tishing dey kom from Jerusalem
and God dey tok to en pipol from Zion.
4 E go judge and setol kworel among nashons.

E go setol many pipol kase.
Dem go turn dia swod to ordinary blade
kon use dia spear dey work for vineyard.
Den, no nashon go fight against anoda nashon and dem
nor go train pipol to fight war again.
5 So, Jakob shidren-shidren,
make wi waka with di lite wey God take dey guide us!"

*Judgement Day*

6 My God, Yu don forget yor pipol wey bi Jakob shidren-shidren,
bikos dem dey do majik for evriwhere for di land;
dem dey go meet majik pipol
just as Filistia pipol dey do and na strenjas bi dia friends naw.
7 Na silva and gold full di land
and Israel pipol propaty nor dey finish.
Horse plenty for dia land and dia shariot,
too many to kount.
8 Juju still full dia land too
and dem dey woship tins wey dem use dia hand take make.
9 Pipol dey bow dey woship dem,
so my God, make Yu nor forgive dem at-all!
10 Dem go hide inside rock and dig hole for groun
make dem for fit eskape from God vexnashon and en glory.
11 Di day dey kom wen God go honbol proud pipol
kon disgrace sturbon pipol.
Den na only God, pipol go dey praiz.
12 True-true, God wey dey lead di sojas for heaven
don plan di day wey E go judge evritin,
bikos E go disgrace di pipol
wey feel sey dem get pawa and dey make mout.
13 E go distroy all di tall cedar trees for Lebanon,
with di oak trees for Bashan
14 kon level di high mountins and hills,
15 with evry high towa and strong wall.
16 Yes! E go sink and distroy
big and fine-fine ship.
17 For dat day, God go distroy
doz wey dey karry body up
kon disgrace sturbon pipol
and na only en name pipol go dey praiz.
18 E go distroy all di juju
dem finish.

19 Wen God won kom shake dis eart with en pawa and glory,
pipol go hide for hole, inside rock
den dig hole for groun so dat dem go eskape from God vexnashon.
20 Wen dat day go rish,
pipol go karry di gold and silva juju wey dem make for demsef
kon trow and abandon dem give rats and bats.
21 True-true, wen God go kom shake di world,
pipol go hide inside hole for rock,

so dat dem go fit eskape from God vexnashon and en glory.
22 So make una stop to trust human being,
bikos dem just dey breath thru dia nose.
Wetin dis pipol bi sef?
So make una stop to trust human being pawa.
All of dem go die one day,
so how dem won take help una?

# 3

### *Kworel For Jerusalem*

1 Naw, di Oga God wey get pawa won remove evritin
and anybody wey Jerusalem and Judah pipol dey depend on.
E go still remove dia food, wota, guards,
2 strong men, sojas, judge, profets,
doz wey dey si future, leaders,
3 sojas oga, dia pipol, advisers
and doz wey sabi do majik.
4 God sey, "I go make yong pipol rule dem
and na wiked yong men go bi dia oga.
5 Dem go dey fight each oda;
Men go oppoz each oda and neighbours go fight against dia neighbour.
Yong pipol nor go respet dia senior and foolish pipol go dey
curse doz wey dem bin dey respet."
6 Time dey kom wen pesin go hold en broda hand kon sey,
"Since yu get yor own klot to wear, na yu bi awa leader.
Den yu go fit kontrol all di wahala and trobol wey wi dey face."
7 But e go ansa, "Nor bi mi, I nor fit help una.
I nor get any food or klot for my house,
so make una nor make mi una leader!"
8 Yes! Jerusalem pipol own don finish and Judah town don dey fall!
Evritin wey dem dey tok and do,
dey make God vex, bikos dem dey oppoz God law.
9 Dia face dey show sey dem dey guilty.
Just like di pipol for Sodom,
na so too dem dey boast about dia sin.
E bad well-well for dem,
bikos dem dey distroy demsef.
10 So make una tell innocent pipol sey e go betta for dem,
bikos God go reward dem for wetin dem don do.
11 But evil pipol own don finish,
bikos na wetin dem do pipol, God go do dem too.
12 Wiked men dey opress my pipol and doz wey borrow dem money,
don turn to dia oga.
My pipol, una leaders dey lead una anyhow and naw, una
nor know di rite road wey una suppose follow.

### *God Judge En Pipol*

13 God don dey ready to judge.
Yes! E don ready to judge en pipol.
14 God won judge doz wey dey lead en pipol.
E sey, "Na una skata di vineyard

kon pak poor pipol tins full una house.
15 Why una dey wahala my pipol and sofa doz wey nor get money?
Mi, wey bi God wey get pawa, don tok."

*To Klean Sin*

16 God sey, "Si how Jerusalem wimen dey karry body up!
Dem dey waka dey karry dia head up and roll dia eyes.
Dem dey waka small-small make dia shain for dey make nois.
17 But I go ponish dem,
I go kut dia hair kon shave dia head to bololo."
18 Di day dey kom wen God go kollect evritin wey dey make Jerusalem
wimen dey make yanga; dat is, di ring wey dem dey wear for dia hand,
head, neck 19 and dia waist. E go kollect dia klot, 20 dia priest kap, di majik
wey dem wear for dia hands and waist; 21 di rings wey dem wear for dia
fingers and nose; 22 all dia fine robes, gowns, koat, pus; 23 dia garments
wey dey show dia body; dia handkachief, dia head-tie and di long klot wey
dem dey wear for dia head.
24 Instead make dem dey scent well, dem go dey smell.
Instead make dem wear betta belt, dem go tie rope for waist.
Instead make dia hair fine,
hair nor go dey dia head at-all.
Na rag dem go dey wear, instead of fine klot.
Dia beauti go turn to shame!
25 Di town men and doz wey strong well-well,
dem go kill all of dem for war.
26 Den Zion pipol go sidan for groun dey kry and mourn,
bikos of dia pipol wey die.

# 4

1 For di last days, seven wimen
go hold one man kon sey,
"Wi go feed and buy klot for awasef,
but make yu just let us koll yu awa husband,
so dat pipol nor go laf us,
bikos wi nor get husband."

*Jerusalem Go Good Again*

2 For dat time, God go make evry plant and tree grow big and fine well-
well again. All di pipol wey go survive for Israel, go like di tins wey di
land go produce. 3 Den doz wey God save wey go remain for Jerusalem,
pipol go koll dem, "holy pipol." 4 God go use en pawa take judge and make
di nashons holy. E go forgive Jerusalem pipol dia sins kon klean di land
bikos of pipol wey dem kill for der. 5 Den God go kover and guide Mount
Zion with all di pipol wey gada der with kloud for day time and fire for
nite. Yes! God glory go kover and protet di whole town. 6 For day time,
God glory go kover di town from strong heat kon protet am from heavy
rain.

# 5

*Di Vineyard Song*

1 Naw, I go sing to my love;

I go sing about en vineyard.
My love vineyard dey on-top
one hill wey get betta soil.
2 E build fence round di land kon remove di small-small stones
wey nor go make di vine grow well,
den e plant vine put.
E build one towa for di middle
kon dig pit where e go press di grape put.
But as e dey wait, instead make di grape produce betta fruit,
e kon produce bad ones.
3 So, my love sey, "Jerusalem and Judah pipol,
make una judge between mi and my vineyard.
4 E get anytin wey I nor do for dis vineyard?
So, wetin make am dey produce bad grapes,
instead of good grape, just as I espect?
5 Naw, make I tell una wetin I go do to my vineyard:
I go remove di fence wey dey round am
kon break di wall wey dey protet am.
I go let animals chop and mash am anyhow.
6 I go let grass grow for evriwhere
and I nor go trim di vine or use hoe dig di groun again,
instead, I go let dirty kover am
and rain nor go ever fall put again."
7 Na Israel pipol bi God vineyard,
why Judah pipol na di good vine wey E plant.
E espect dem to do good, instead dem dey do bad and kill pipol.
E bin dey wait to si weda dem go do wetin dey rite,
instead pipol wey dem kill, dia blood dey kry go meet God.

### *Pipol Wikedness*

8 Una own don finish!
Una wey dey buy all di house and field join di ones wey una get,
so dat pipol nor go get where dem go stay again.
Naw, na only una go dey di land.
9 God wey dey lead heaven sojas sey,
"One day, all dis big fine house go skata and
nobody go stay inside again."
10 True-true, big vineyard go produce only five gallon of wine
and ten basket of seed go produce only one basket of good korn.
11 Una own don finish! Una wey dey wake up for early morning bigin drink.
Una dey drink still evening until di drink katch una well-well.
12 Yes! Una dey play harp, tamborin, flute
and dey drink wine for una party,
but una nor undastand wetin God dey do,
13 so dem go karry una komot una land
bikos una nor undastand.
Una leaders go hongry till dem die
and una pipol nor go si wota drink.
14 Deat go open en mout wide dey wait dem
and all di big and betta pipol
with doz wey dey celebrate for Jerusalem,

go soon enter deat mout.
15 Dem go disgrace evribody
kon honbol pipol wey dey karry body up.
16 Wen God wey dey lead heaven sojas don ponish dis pipol,
dem go praiz am and afta E don judge all of dem,
evribody go know sey Oga God get pawa well-well.
17 Plenty sheep and oda animals go kom
chop grass for di towns wey God don skata.
18 God go ponish pipol wey dey kause trobol with dia sins and lie-lie words;
dem dey use dia hand bring wahala for demsef,
bikos of dia wikedness.
19 Dem dey sey, "Make God kwik do wetin E sey E go do,
so dat wi go si.
Make Israel God wey dey Holy do wetin E plan,
so dat wi go know."
20 Una own don finish!
Una wey dey sey bad tins, good and good tins, bad
or sey darkness na lite and lite na darkness.
Una dey sey bitter tins sweet and sweet tins bitter.
21 Pipol wey tink sey dem wise and get sense,
bi like doz wey don die.
22 Una own don finish!
Pipol wey bi champion for where dem for dey drink ogogoro!
Dem dey get heart well-well wons e rish to mix difren drinks!
23 Dem dey free pipol wey dey guilty kon opress doz wey dey innocent,
bikos dem don take bribe.
24 So, as straw and dry grass dey burn for fire,
na so too dia life and all di betta tins wey dem get,
go dry and blow trowey,
bikos dem don rijet wetin Israel God wey get pawa, tish us.
25 God dey vex for en pipol and E don ready to ponish dem.
Mountins go shake and pipol wey die,
dem go leave dia dead body for street like dirty.
God vexnashon nor go end for der,
but E go still ponish dem.
26 God dey use sign take koll pipol from far-far nashon.
E dey blow trumpet take koll dem from evriwhere for di world
and dem dey gada kom kwik-kwik.
27 No one taya or stagga for road
and dem nor stop to rest or sleep for road.
Dia belt nor kut and dia sandal rope nor ever luz.
28 Dem sharp dia arrow well and dia bows don ready to shot.
Dia horse dey make nois like stone wey dem nak togeda
and dia shariot taya dey turn like strong breeze.
29 Di sojas dey shaut like lion wey kill animal
kon karry am go where nobody go for fit take am from am.
30 Wen dat day rish, di sojas wey dey kom from far, go make loud nois give
Israel pipol;
di nois go sound like wave for sea wey nak rock.
Den wen yu look di land, yu go si sey e skata and dey dark,
bikos di kloud don turn dia lite to darkness.

# 6

*God Koll Isaya To Bi Profet*

1 For di year wen King Uzzaya die, I kon si vishon as God sidan for en
throne wey get glory for heaven and en klot kover di temple. 2 Di kind
creatures wey stand near am, dey bring out fire from dia mout and each
of dem get six-six feada. Dem kover dia face with two feada; use two kover
dia leg, den dem dey use di oda two take dey fly. 3 Each of dem dey sing
dey sey,

"holy, holy, holy! Na God wey get pawa,
dey holy and en glory full di world."

4 Dia vois dey make di temple foundashon shake and smoke
kon full di whole temple.

5 I kon sey, "My own don finish, bikos evry word wey dey komot from
my mout, na sin full am and I dey stay with pipol wey all dia words na sin
and naw, I don use my eyes si Oga God wey bi di king wey get pawa."

6 Den one of di creature fly kom meet mi for groun and e use big sizos
take hold shako wey dey burn and na from di altar e for karry am kom.
7 E use di hot shako take tosh my lips kon sey, "Dis tin don tosh yor lip, so
from naw, yu don dey klean, bikos God don forgive yu."

8 Den I hear God ask, "Who I go send? Who go bi awa messenja?"

So, I kon ansa, "I go-go! Make Yu send mi!"

9 So E tell mi make I go give di pipol dis message:

"E nor get as una go listin rish, una nor go undastand.
E nor get as una go look rish, una nor go know wetin dey happen."

10 Den E tell mi,

"Go make dis pipol get strong heart,
deaf dia ear and blind dia eyes,
so dat dem nor go si, hear or undastand again.
If dem bi like dat, dem go turn kom meet mi
and I go heal dem."

11 I kon ask, "Oga God, how long dis tins go take happen?"

E ansa,

"Na till di town skata finish
and nor-tin go dey inside again.
Till nobody dey stay di house
and na until di land don turn where dem dey trow dirty put.
12 I go send my pipol go far place
and nobody go stay for di land again.
13 Even if na one pesin for evry ten pipol remain for di land,
dem go distroy am, e go bi like oak tree or Asherah pole
wey dem kut for groun or sometin wey dey holy wey dem distroy.
Dis holy tin,
na di special family wey God choose."

# 7

*Message For King Ahaz*

1 Wen King Ahaz wey bi Jotam pikin and Uzzaya grand-pikin dey rule
for Judah, King Rezin for Siria and King Pekah wey bi Remalaya pikin for
Israel, mash go Jerusalem go fight am, but dem nor fit win.

2 So some pipol kon tell Judah king sey Siria sojas dey for Israel aria, den en and all en pipol kon dey fear, sotey dem bigin shake like tree wey breeze dey blow.

3 So God tell Isaya, "Make yu take Shear-Jashub yor pikin go meet King Ahaz. Yu go si am for di side where wota for dey kom di pool, where pipol
for dey wosh klot. 4 Den tell am make e nor worry or fear and make e nor
let anybody disturb am, bikos King Rezin, en pipol and Pekah vexnashon
nor get pawa rish di smoke wey dey kom out from two firewood. 5 Siria
with King Pekah and en pipol don plan against yu. 6 Dem sey, 'Make wi
go attack and distroy Judah town, den wi go make Tabeel pikin, dia king.'
7 But mi, God don tok sey,
"E nor go work
and e nor go happen,
8 bikos na Damaskus bi Siria main town
and na King Rezin dey rule for der.
But na like sixty-five years e go take to skata Israel,
and dem go distroy all of dem finish.
9 Na Samaria bi Israel main town
and na King Pekah dey rule am.
So if yu nor gri bilive or trust and put yor hope for God hand,
den yu nor go fit stand and yu go really die."

### *Immanuel Sign*

10 God send anoda messenja go meet King Ahaz sey. 11 "Make yu ask
God wey bi yor God make E show yu sign. Di one wey go make yu bilive sey God don tok. Yu fit even ask make E do mirakle for yu."

12 Den King Ahaz ansa, "I nor go ask for sign and I nor go fit tempt my God."

13 So Isaya sey, "Listin naw, una wey bi David shidren-shidren. Even doh e bad to dey try ordinary human being patient, una won try God own
too? 14 So, God go give una sign by ensef. One yong woman wey neva ever sleep with man before, go get belle kon born boy pikin and dem go koll
am, 'Immanuel, wey mean, "God dey with us." ' 15 Na milk and honey e go
dey chop and dis food go help am know how to rijet evil and choose wetin
dey good. 16 Even before di pikin go know how to rijet evil and choose wetin dey good, doz two kings wey dey make una fear, God go don skata
dem with dia pipol. 17 Time dey kom wen God go bring trobol kon give yu,
yor pipol and all di royal family and e go bad pass anytin wey don happen since Israel kingdom separate from Judah and from Assyria king.

18 "Wen dat time rish, God go blow wiso as sign for Egypt pipol and dem go kom like fly from evriwhere for Nile. Assyria pipol go kom from dia
land like bees kon attack una too. 19 Dem go dey waka for di valley and for di holes wey dey di rock. Yes, dem go kover evry shuku-shuku, bush
and grass for di land. 20 Wen dat time rish, God go bring di pesin wey dey barber hair for Eufrates side, wey bi Assyria king and e go kut di hair wey
dey una face, head and body komot. 21 Wen dat time rish, even if na only
one melu and two goats di farmer fit save, 22 dem go still produce enough
milk for am. Yes! Di few pipol wey go survive go si plenty food chop.
23 Wen dat time rish, di vineyard wey fine well-well and get one tazon vine wey rish one tazon pieces for silva, shuku-shuku go grow kover am.

24 Pipol go dey go use dia bow and arrows take katch animals for der. Yes,
shuku-shuku go full evriwhere. 25 Na so too shuku-shuku go kover all di
tins wey dem plant for di hill and nobody go fit go der again. E go bi where
melu and sheep for dey go chop grass."

# 8

### *Isaya Pikin Na Sign*

1 God tell mi, "Make yu take one big board kon rite dis tins put, 'Maher-
Shalal-Hash-Baz.' " (Wey mean, "Kwik Karry Make Yu Distroy Fast-fast.")
2 "Den take two men wey yu trust; Uriaya wey bi priest and Zekaraya wey
bi Jeberekaya pikin, so dat dem go bi witness."
3 So afta sometaim, my wife kon get belle. Wen e don born awa son,
God kon tell mi, "Make yu koll am, 'Kwik karry Make Yu Distroy Fast-fast.'
4 Before di pikin go big rish to sey, 'Papa or Mama,' all Damaskus propaty
and di tins wey dem karry from Samaria, Assyria king go kom karry dem
go."

### *Assyria King Dey Kom*

5 God tell mi again sey,
6 "Bikos dis pipol rijet Shiloah kwayet wota wey dey flow pass,
but dey fear wons dem si Rezin and Pekah,
7 mi wey bi God go bring kings and dia sojas kon attack Judah.
Dem go kom like Eufrates River wey dey flow well-well.
8 Dem go distroy Judah like wota wey distroy tins.
Dem go spread dia feada
kon kover di land and sey, 'O Immanuel.' "
9 Dem go distroy di town kon skata evriwhere!
So make una listin, all di far-far land for di eart.
Make una dey ready to fight,
but dem go still distroy una!
10 Even if una plan, una nor go susid.
Make una tok anytin wey una wont,
but all of dem go dey yuzles,
bikos God dey with us.

### *God Warn Profet Isaya*

11 True-true, dis na wetin God tok. E hold mi kon warn mi sey make I
nor bihave like dis pipol:
12 "Make yu nor join di pipol plan
and nor fear di tins wey dem dey fear.
13 Make yu remember sey, mi wey bi God wey get pawa,
dey holy, so na mi yu must fear.
14 Bikos I dey holy;
I bi like stone wey dey fall pipol
and rock wey dey make pipol stagga.
Yes! I bi like trap
wey go katch pipol for Jerusalem.
15 Di stone and bricks go make many pipol stagga
and fall and dem go wound well-well and di trap go katch dem."

### *God Warn Doz Wey Dey Tok With Dead body*

16 Una wey dey follow God, make una guide
and keep di message wey E give mi.
17 I go really wait for God wey don rijet Jakob family;
I go wait for am.
18 Si, mi and di sons wey God give mi, go bi signs and wonders for Israel
pipol and na Oga God, di Pesin wey dey stay for Mount Zion, send us kom.
19 But pipol go tell una make una go meet doz wey dey si vishon, so dat
dem go give una message and afta dem don tok anyhow, dem go sey, "Make
una go meet dead body spirits, so dat dem go help una." 20 Den make una
remember God kommand and evritin wey di profets sey go happen. True-true, all di pipol wey dey si vishon, dey tok all dis tins, bikos dia mind dey dark.

### *Trobol Time*

21 Di pipol go dey waka anyhow for di land, dem nor go get hope and
dem go dey hongry. So bikos of di honga and vexnashon, dem go look up
kon curse dia king and God. 22 Wen dem look groun, dem nor go si anytin
escept trobol and darkness wey go make dem fear well-well and e nor go get how dem go take eskape.

# 9

### *Di Future King*

1 True-true, even wen God dey judge, E still promise to diliver us and wi nor go sofa again. Before-before, dem disgrace Zebulun and Naftali pipol, but naw, God don bring honor kom di place where di sea pass; di side afta Jordan River go rish where Galilee pipol dey.
2 Pipol wey dey waka for darkness don si lite.
Lite dey shine for doz wey dey stay for di land
where strong darkness dey.
3 Yu don make di pipol plenty
kon give dem great joy.
Dem dey happy for yor present,
just as doz wey dey harvest wetin dem plant
dey happy
or as sojas dey celebrate
wen dem divide wetin dem karry kom from war.
4 All dis joy na bikos Yu don remove dia heavy load
and di kane wey dem take dey flog dem.
Yu don defeat di pipol wey dey tif and opress oda pipol,
just as Yu bin defeat Midian sojas.
5 True-true, dem go burn di boot wey di sojas take fight
and dia klot wey blood stain.
6 Bikos dem don born one pikin for us!
God don give us boy pikin!
E go bi awa ruler and dem go koll am,
"Wonderful Advise, Mighty God,
Everlastin Fada and di Prince wey bring peace."
7 En royal pawa go kontinue to grow.
En kingdom go get peace forever.
E go rule well like King David kon do betta tins with en pawa;
e nor go opress pipol

and E go rule from naw go rish wen di world go end.
God Almighty go do all dis tins.

### *God Go Ponish Israel Pipol*

8 God don sey, “I go judge Israel pipol
wey bi Jakob shidren-shidren.”
9 Israel and Samaria pipol wey get pride
and sturbones go know kon sey,
10 “Di bricks house don fall,
but wi go build am with stone again.
Dem don kut di sikamore tree,
but wi go replace am with cedar wood wey fine well-well.”
11 So God kon make dia enemies attack dem.
E make dia enemy vex attack dem.
12 Siria pipol kom from di east side,
while Filistia pipol kom from di west
kon surround Israel pipol make dem for kill dem.
And with all dis, God still dey vex
and E dey ready to kill dem with en own hand.
13 Even with all dis ponishment from God,
Israel pipol nor gri turn from sin
go meet di Pesin wey go save dem.
Dem nor even tink to setol with di Oga God
wey dey lead heaven sojas.
14 So, na one day God go take ponish Israel leaders and en pipol.
E go kut dia head and tail komot.
15 Na di old pipol and rulers, bi di head,
while di tail, na di profet wey dey lie waka.
16 Di leaders don konfuse dis pipol
kon lead dem enter distroshon.
17 So God nor go let any of di yong men eskape;
pity for doz wey dia husband don die
or doz wey nor get papa and mama again.
Bikos all of dem dey wiked;
dem nor know God and evritin wey dem dey tok, bad well-well.
But God vexnashon nor go end
and E still dey ready to ponish en pipol.
18 Di pipol wikedness dey burn like fire
wey dey distroy both grass and shuku-shuku.
E dey burn forest
and en smoke dey go up to heaven.
19 Bikos God wey get pawa dey vex,
en ponishment dey burn di land like fire
and E dey distroy di pipol
and dem nor dey sorry for each oda.
20 Dem attack dia neighbour from rite, but dem still dey hongry.
Dem chop dia neighbour from left, but dem nor beleful.
Dem even dey chop dia own shidren join.
21 Manasseh pipol dey fight Efraim pipol,
den dem join togeda go fight Judah pipol.
And with all dis, God still dey vex
and E dey ready to kill dem with en own hand.

# 10

1 Una own don finish!
Una wey dey make wiked laws and dey opress my pipol.
2 Una dey opress poor pipol
and nor gri give dem dia freedom.
Una dey do like dis, so dat una go fit tif from shidren wey
nor get papa and mama again and wimen wey dia husband don die.
3 Naw, wetin una go do wen God won judge una?
Wen God bring wahala from far kountry kom meet una,
na who una won run go meet make e help una?
Where una go hide una propaty and money put?
4 Una nor go get anywhere to go dan to knee down with prisonas
or to sleep with doz wey dem don kill.
And with all dis, God still dey vex
and E dey ready to kill dem with en own hand.

### *Assyria*

5 God sey, "I dey use Assyria pipol
as weapon to take ponish pipol wey I dey vex for.
6 I send Assyria pipol go attack di nashons wey nor know mi kon karry,
tif and skata di pipol like dirty for street.
7 But Assyria king get en own wiked plan for mind,
wey bi to distroy many nashons.
8 E even dey boast sey,
'All my kommanders go bi king!
9 I don win Kalno, Karkemish, Hamat and Arpad towns.
Yes, I still win Samaria and Damaskus pipol.
10 Even kingdoms wey dia juju strong and fine pass Jerusalem and Samaria own,
I still distroy dem.
11 So just as I don do to Samaria and all en juju,
na so too I go do to Jerusalem
and all di juju wey dem dey woship.' "
12 But God sey, "Wen I finish wetin I dey do for Mount Zion and Jerusalem,
I go ponish Assyria king, bikos e dey proud and e too boast."
13 Assyria king sey, "Na mi win all dis nashons by mysef.
I strong well-well, wise and get sense.
I skata nashons boundary kon karry all dia propaty.
Na with my strong hand and pawa I take
distroy strong rulers and kings.
14 All di nashons bi like bird house for my hand
and I gada dia propaty just as dem dey gada egg.
Yes! No feada fit make mi fear
and no bird fit open en mout sey e won bite mi!"
15 But God sey, "Axe go fit sey e big pass di man wey dey use am?
Abi cutlass dey important pass pesin wey dey use am kut sometin?
Nor bi gun dey karry pesin wey hold am,
but na di pesin dey karry am."
16 Bikos of dis, Oga God wey get pawa go ponish en pipol with sickness.
Yes! En glory go-go up like smoke.
17 Den God, wey bi Israel lite, go bi like fire.
God wey dey holy go bi fire and E go use one day

take burn Assyria king and en pipol.
18 Just as pesin wey dey sick dey die dey go,
na so too God go distroy Assyria forest and en beauti
19 and na only some tree wey shidren go fit kount,
go remain.

### *Some Pipol Go Kom Back*

20 But time dey kom wen Israel pipol wey go survive
nor go depend on di pipol wey almost distroy dem.
Instead dem go only depend
and trust Israel God wey dey holy.
21 Some of dem go kom back!
Yes Jakob shidren wey remain
go kom back to dia God wey get pawa.
22 But as Israel pipol plenty like san-san for wotaside,
na only few go kom back,
bikos na di distroshon wey fit dem,
dey wait for dem.
23 Yes! Oga God wey get pawa go bring distroshon
kom di whole kountry,
bikos E don tok am.

### *God Go Ponish Assyria*

24 Oga God wey get pawa tell en pipol for Zion,
"Make una nor fear Assyria pipol;
even doh dem dey opress una as Egypt pipol bin do una.
25 E remain small for mi to ponish una finish,
den I go distroy dem for una.
26 Mi, God wey get pawa, go use my kane take flog dem,
just as I flog Midian pipol for Oreb Rock.
I go ponish Assyria pipol,
just as I take ponish Egypt pipol before.
27 Wen dat time rish, I go free una from Assyria pipol pawa
and dem nor go bi load for una shoulder again.
I go free una, bikos dia load go too dey heavy for una to karry."

### *Enemies Attack*

28 Enemies don katch Ai town!
Dem leave dia tins for Mikmash kon pass thru Migron,
29 den dem cross kon go sleep
for Gibeah dat nite!
Pipol for Rama town dey fear
and di pipol wey dey for Saul village for Gibeah,
don run komot der.
30 Gallim pipol! Make una shaut well-well!
Laishah pipol! Make una listin naw.
Anatot pipol! Make una ansa!
31 Madmenah and Gebim pipol dey run go hide,
so dat dem nor go die.
32 Enemies dey Nob town today
and dem dey ready for war for Mount Zion wey dey Jerusalem.
33 But awa Oga God wey get pawa go kut

and skata dem for groun like tree branches.
Di ones wey dey proud and dey karry body up,
God go ponish dem well-well.
34 God go kut dem with axe,
just as dem dey kut big trees for forest
and dem go fall for groun like Lebanon fine tree!

# 11

*Peace*

1 For dat time, one pesin go kom from Jesse family.
Yes! One rut go grow kom out from David house.
2 God Spirit go dey with am.
E go gi-am di Spirit wey dey give wisdom;
di Spirit wey dey give knowledge
and di Spirit wey dey give good undastandin.
E go still gi-am di Spirit wey dey give pawa
and di Spirit wey go make am rule well.
E go gi-am di Spirit wey go make am fear God
and do wetin E wont.
3 E go always dey happy to obey God.
E nor go judge pipol anyhow or with wetin dem tell am.
4 E go judge evribody akordin to wetin dem do
kon defend doz wey nobody dey help.
E go ponish wiked pipol
and doz wey dey do bad tins, go die.
5 E go rule en pipol
with betta mind and respet.
6 Just as wolf and sheep wey nor dey gri but kon stay togeda for peace,
na so too leopard go liedan with yong goat.
Yong sheep and small lion go chop togeda
and small pikin go dey kare for dem.
7 Melu and bear go chop togeda and dia pikin go liedan togeda with happiness.
Den lion go dey chop grass
like melu.
8 Snake wey get poizin nor go bite small pikin,
even if e near am or put hand for en mout.
9 So, great Zion, God hill wey dey holy,
no evil or wahala go dey der again.
Just as wota dey full sea,
na so too God word go full pipol heart for di land.

*God Ribuild Israel*

10 Di day dey kom wen di new king from David family go bi sign to all
di nashons. Pipol go gada for en royal town; gi-am respet kon ask make
e guide dem. 11 Wen dat day rish, Israel pipol wey dey Assyria, Patros,
Sudan, Elam, Babilon, Hamat, di towns wey dey near di sea and Egypt,
God go use en pawa take bring dem kom back to Jerusalem.
12 God go raiz flag as sign for di pipol;
E go gada dem togeda again
with all en pipol wey skata for evriwhere for di eart.
13 Efraim pipol nor go jealous Judah pipol and Judah pipol

nor go hate Efraim pipol again.
14 Dem go attack Filistia pipol togeda for di west
kon kill di pipol wey dey east.
Dem go distroy Edom and Moab pipol
and Ammon pipol go dey obey dem.
15 God go divide Egypt pipol sea;
E go wave en hand pass Eufrates River
kon send one strong breeze,
den E go turn am to seven small river wey don dry
kon make pipol dey waka pass with ordinary leg.
16 E go kreate one way wey en pipol wey remain go take komot for Assyria land,
just as e happen for Israel pipol wen dem dey komot from Egypt.

# 12

*Tanksgivin Song*

1 For dat time yu go sey:
“Oga God, I praiz Yu, bikos Yu bin dey vex for mi,
but naw, Yu dey konfort mi
and Yu nor dey vex again.
2 Si! Na God dey save mi.
I go trust am and I nor go fear.
Na God dey give mi pawa and strent
and na-im dey save mi.
3 As wota dey make pesin wey dey hongry for wota, happy,
na so too I go happy wen God save mi.”
4 For dat time, yu go sey:
“Make wi tank God! Make wi praiz en name!
Make wi tell evribody about di tins wey E do!
Make wi tell dem how God big and strong rish.
5 Make wi sing give God,
bikos of di great tins wey E don do
and make di whole world hear di news.
6 Make evribody wey dey for Zion shaut and sing!
Bikos Israel God dey holy and great
and E dey stay with wi wey bi en pipol.”

# 13

*God Go Ponish Babilon*

1 Dis na di message wey God give Isaya wey bi Amos pikin about Babilon.
2 Make yu go on-top di hill go raiz di war flag!
Make yu shaut and wave yor hand,
so dat di sojas go fit enter di prince gate.
3 I don give orda to di sojas wey I choose,
I go take revensh thru di sojas wey I give pawa to fight
and dem go show as I dey vex rish.
4 Di mountin dey make nois like wen many sojas dey mash!
Strong wahala dey among di kingdoms and nashons dey gada togeda!
Oga God wey dey lead heaven sojas,
dey gada dem togeda to go fight.
5 Dem kom from far-far kountry;

from evriwhere for di world.
Yes! God dey vex kom skata di whole kountry.
6 So make una kry with pain,
bikos di day wen God go judge una don near;
di day wen God wey get pawa won take distroy evritin.
7 So bikos of dis, evry hand go weak
and evribody heart go fail am.
8 Fear go katch all of dem with pain like woman wey won born.
Dem go dey look each oda with fear and shame go full dia face.
9 Si, di day wey God go judge us dey kom;
na dat day E won take show en vexnashon,
den di eart go turn to desert
and E go distroy evribody wey dey sin.
10 True-true, all di stars and oda tins wey dey shine,
go stop to shine.
Di sun go dark as soon as e won kom out
and di moon nor go give any lite again.
11 God sey, "I go bring wahala kom di eart
and I go ponish all di wiked pipol, bikos of dia sin.
I go make anybody wey dey proud, honbol
and I go ponish evribody wey dey sturbon and wiked.
12 Just as pure gold nor plenty,
na so too di pipol wey go survive, nor go plenty.
13 For di day wey mi,
God wey get pawa go show my vexnashon,
I go shake di heavens and di eart go shake
komot from where e dey.
14 Di strenjas for Babilon go run go dia own land
and dem go skata like animals
wey dey eskape from hunta or like sheep wey
nor get who dey look dem.
15 Anybody wey dem katch,
dem go shuk am die and anybody wey dem seize,
na swod go kill-am.
16 Dem go kill dia own shidren for dia front;
dem go tif evritin for dia house
and oda pipol go rape dia wifes for dia present."
17 God sey, "I go make Medes pipol attack Babilon pipol.
Dem nor dey kare about silva and nobody fit tempt dem with gold.
18 Dem go use dia bows and arrows kill di yong men and dem
nor go pity for small shidren or new born baby.
19 Na Babilon pipol fine pass for all di kingdom
and na dis make dem dey proud.
But mi God, go distroy Babilon,
just as I take distroy Sodom and Gomorrah!
20 Nobody go stay der again.
No human being go ever stay der again
and nobody wey get animals
go karry en animal go chop grass for der again.
21 Na wild animals go dey stay der
and na birds go full dia house wey go don skata.

Ostrich go dey stay der
and na for der wiked goats go for dey play.
22 Hyenas and jackals go dey make nois for di towa and di palis,
bikos Babilon time don nearly finish!
En days don dey pass!”

# 14

### *Israel Pipol Kom Back From Babilon*

1 Oga God go pity en pipol, Israel.
E go choose dem as en own kon let dem stay di land again
and strenjas go kon stay der with dem.
2 Oda pipol go help Israel pipol kom back to dia land.
Israel pipol go kom back to di land wey God give dem
and pipol go serve dem.
Den Israel pipol go opress doz wey bin katch dem
kon rule di pipol wey bin sofa dem.

### *Babilon King*

3 Wen God don free Israel pipol from dia pain, sofa and di hard work
wey dem force dem to do, 4 dem go laf Babilon king kon sey,
“Make una si as evritin take end
for di king wey dey opress pipol!
E nor go ever fit opress anybody again!
5 God don break wiked pipol pawa
and di hand wey dem take dey rule.
6 Dem vex skata and kill pipol for oda kountries
and dem nor dey taya.
Dem vex rule oda kountries as dem like
kon dey opress di pipol and e nor taya dem.
7 But naw, di whole eart dey rest;
get peace and evribody dey sing with happiness.
8 Cypress trees and cedars for Lebanon dey happy bikos di king don fall,
so nobody go kut dem trowey again.
9 Pipol wey don die, dey happy to welkom Babilon king.
Pipol wey dey strong well-well wen dem dey life,
dia ghost dey wait am
and all di former kings ghost raiz from dia throne
dey wait am too.
10 All of dem dey sey,
‘Naw, yu don dey weak like us! Yu don bi like us!
11 Before-before, dem dey play music with harp to give yu respet,
but naw, yu dey with dead pipol.
Yu liedan for worm bed
kon use di worms take do kover klot.’ ”
12 Babilon king, yu wey bi di morning star wey dey shine;
make yu si as yu fall from heaven, just as devil fall!
Before-before, yu katch many pipol,
but naw, dem don trow yu for groun.
13 Yu bin tell yorsef sey,
“I go klimb go heaven
go put my throne on-top di highest stars.

I go sidan and rule like king
for di highest mountin.
14 I go klimb go di place wey high pass for di kloud.
I go bi like di Most High God!"
15 But God don bring yu down to di place wey deep pass
and na der dead body dey stay.
16 Dead body dem go look yu kon ask demsef,
"Nor bi dis man bin dey shake di eart
kon make kingdoms dey fear?
17 Nor bi dis man distroy towns kon turn di world to desert?
Yes! Na di man nor gri free en prisonas make dem go dia house!"
18 And all di kings for di world
liedan for dia grave,
19 but yu nor get grave,
just like bullet wey dem shot trowey.
Yor dead body just dey groun
with oda pipol wey dem kill with swod;
with pipol wey dem won go trow dia dead body for pit.
20 Dem nor go beri yu like oda kings,
bikos yu distroy yor own land kon kill yor pipol.
Nobody from yor wiked family go survive.
21 Make dem bigin kill di king sons,
bikos of dia grand-grand papa sin.
No one among dem go rule for dis world
or build towns again.

### *God Go Skata Babilon*

22 God wey get pawa sey,
"I go attack and skata Babilon.
I nor go leave anytin or pesin for der;
nobody go survive at-all and pipol nor go remember am again.
Mi, wey bi God wey get pawa, don tok.
23 I go turn Babilon to where birds and wild animals dey stay
and wota wey nor dey go front or back, go full di land.
I go swip am trowey,
just as pesin dey use broom take swip dirty trowey."

### *God Go Distroy Assyria Pipol*

24 God wey dey lead heaven sojas swear sey,
"Make una know sey na as I plan am,
na so e go bi and as I tok am,
na so e go happen too.
25 I go distroy Assyria pipol for my land.
I go skata dem put under my hill.
I go free my pipol and remove di load
wey Assyria pipol put for dia shoulder.
26 Dis na wetin I plan for di whole eart;
my hand dey ready to ponish di nashons."
27 True-true, God wey dey lead heaven sojas get plan
and who go fit stop wetin E won do?
En hand dey ready to ponish anybody.
So who go fit stop am?

### *God Go Distroy Filistia Pipol*

28 Na for di year wey King Ahaz die,
God take send dis message:
29 Filistia pipol, di kane wey dem take flog una don break,
but make dat one nor make una dey happy.
If one snake die, di one wey bad pass go take-ova,
bikos na dragon go fly kom out from di snake egg.
30 Na God dey guide and save poor pipol.
But E go make honga kill Filistia pipol finish.
31 Filistia towns!
Make una shaut and kry for help.
Make una fear, bikos betta smoke dey kom meet una
from nort and dem bi strong sojas wey nor dey fear.
32 How una go take ansa di messenjas wey dey
kom meet una from Filistia land?
True-true, God don make Zion great and en pipol wey dey sofa,
go dey save for der.

# 15

### *God Go Distroy Moab*

1 Dis message na about Moab.
True-true na one day God go take distroy am;
dem go distroy Ar and Kir wey dey Moab for one singol day.
2 Den Dibon pipol go klimb di hill go kry for dia shrine
bikos of wetin happen to Nebo and Medeba town.
Moab pipol go kry well-well.
Evribody go barber bololo kon shave dia bear-bear.
3 Na sak evribody go wear dey waka;
dem go dey mourn and kry for dia house
and for evriwhere for di town.
4 Heshbon and Elealeh pipol go kry
and Jahaz pipol wey dey far go hear dem.
Bikos of dis, Moab sojas dey shaut with pain
and dem nor get heart again.
5 My heart dey kry for Moab pipol,
bikos di pipol don run go Zoar, Eglat and Shelishiyah town.
Some even dey kry as dem dey go Luhit,
while odas eskape go Horonaim town.
6 Naw, Nimrim river don dry;
all di grass wey near am don dry too
and no green grass remain for der again.
7 Bikos of dis, di pipol karry evritin wey dem don make
and keep kon go Willows Valley.
8 True-true, pipol dey hear as Moab pipol dey kry for evriwhere
and dia kry dey rish Eglaim and Beer-Elim town.
9 Na blood full Demon river!
God sey, "I go kause more trobol for Dimon town.
One lion go kom attack and kill Moab pipol wey dey won eskape
and di remainin pipol wey dey di land."

# 16

*Moab Nor Get Hope*

1 So make yu send lamb as gift from Sela town wey dey di desert,
go give Jerusalem rulers.
2 Moab wimen dey wait for Arnon River front;
dem dey waka up-and-down like birds
wey dem drive komot from en house.
3 Dem sey, "Make una help
and defend us from awa enemies.
Make una protet us bikos dem dey always attack us.
Make una nor leave us naw wey wi don run komot from dia hand.
4 Abeg! Make una allow us stay with una,
so dat una go protet us from awa enemies!
Wen doz wey opress us don die and distroshon
nor dey again and awa enemies don disappear,
5 den one among David shidren-shidren go bi king
and e go rule di pipol with en whole heart and love.
E go dey do wetin dey rite
and e go make sure sey dem nor opress anybody again."
6 Judah pipol sey, "Wi don hear how Moab pipol dey karry body up.
Wi know sey di pipol sturbon well-well,
but na empty mout dem just dey make."
7 So Moab pipol go kry
bikos of di wahala wey dem dey face;
all of dem go kry if dem remember di fine food
wey dem bin dey chop for Kir-Hareset town,
8 bikos dem don distroy di farm wey dey near Heshbon
kon skata di vineyard for Sibmah.
Yes! Di rulers for di nashons skata di vines go rish Jazer
kon enter di desert, den cross di sea.
9 So, I kry for Sibmah vine,
just as I kry for Jazer.
I dey kry for Heshbon and Elealeh pipol,
bikos dem distroy all di food wey dem plant.
10 Nobody get joy or dey happy and inside di vineyard;
nobody dey dance or shaut;
no grape even dey to press to make wine,
bikos I don end dia shaut for joy.
11 My heart dey kry for Moab
and Kir-Hareset pipol.
12 Moab pipol prayer nor go mean anytin,
even wen dem klimb di hill go dia juju temple go pray and kry!
13 Dis na di message wey God bin tok about Moab pipol. 14 But naw, God
sey, "For di next three years, Moab pipol and dia propaty go vanish komot
dis eart and na few pipol go survive among all di pipol and dem go dey
weak well-well."

# 17

*God Go Ponish Siria And Israel Land*

1 Dis message na about Damaskus pipol,

“Si, Damaskus town go disappear
and e go turn where dem dey trow dirty put.
2 Dem go abandon Siria town forever
and animals go dey go chop grass for der
and nobody go ever drive dem.
3 Nobody or town go defend Israel land again
and na oda pipol go rule Damaskus.
Pipol wey go survive for Siria,
dem go disgrace dem like Israel pipol.
Mi, wey bi God wey get pawa, don tok.”
4 God sey, “For dat time,
Israel pipol pawa go finish and na sofa go bi dia own.
5 E go bi like wen pesin gada rice
kon blow di kanda trowey.
Just like wen pesin dey blow kanda
komot from rice for Refah Valley.
6 Na only few pipol go survive for Israel
and e go bi like olive tree wey dem plok all en fruit komot
kon leave like two or three fruit for en branches.
Mi, wey bi Israel God, don tok.”
7 Wen dat day rish, pipol go trust God wey kreate dem;
dem go depend on Israel God wey bi di King of all kings.
8 Dem nor go put dia hope for di altar
wey dem make with dia hand
or trust Asherah juju or di incense altar
wey dem still make with dia hand.
9 For dat time, dia strong town go skata
and dem go run komot der like di town wey Hiv
and Ammon pipol abandon bikos of Israel pipol.
10 Israel pipol don forget di God wey save and protet dem like big rock.
And naw, dem plant betta flowers and vines kon dey woship dem.
11 True-true, di day una start to plant,
una dey do evritin wey una fit do,
so dat di plant go grow.
Di morning wey una start to klean di land,
una dey do evritin wey una fit do to make di plant survive,
but una nor go si anytin harvest
and na only diziz and pain go follow una.
12 So all di strong nashons wey gada togeda nor betta pass pipol wey don die;
dem just dey make nois like wave for sea.
13 Even doh dis pipol dey make nois like heavy wave for sea,
wen God shaut for dem,
dem go turn run go one far land and na breeze go karry
dem like leaf for hill or like dirty wey strong breeze blow.
14 For evening, dem go dey fear kon vanish
before day break.
Dis na wetin go happen to pipol wey dey trobol
and won tif from awa land.

# 18

*God Go Ponish Ethiopia*

1 E go bad well-well for Ethiopia,
di land where bird feada for dey make nois for river,
2 where messenjas dey travel pass with boat
wey dem take soft wood make.
Di messenjas go meet pipol wey tall and get smooth skin;
pipol wey dem dey fear for evriwhere;
wey dia nashon dey strong and always dey win war
and wey river divide dia land.
3 Make evribody wey dey for di world, listin!
Una go si one flag on-top di mountin,
den una go hear one trumpet sound,
4 bikos dis na wetin God tell mi,
"Just as dew dey form for nite wen harvest time rish
and as sun dey shine for day time kon make evriwhere hot,
na so too I go kwayet dey look una from heaven where I dey stay.
5 And before dem go gada di grapes wey don ripe
afta di new leaf don fall,
I go use my knife take kut di branches wey nor dey produce fruit
kon break all di bad branches.
6 Dem go leave all di dead body for groun,
so dat birds and wild animals go chop dem.
Birds go chop dem for dry sizin
and wild animals go chop dem for rainin sizin."
7 For dat time, di pipol wey tall and get smooth skin,
wey pipol dey fear for evriwhere;
wey dia nashon dey strong and always dey win war
and wey river divide dia land,
go kom pay respet to God wey dey lead heaven sojas.
Dem go kom honor God wey dey lead heaven sojas
for di place wey E choose to stay for Mount Zion.

# 19

*God Go Judge Egypt*

1 Dis message na about Egypt:
Si, God dey ride on-top di kloud kom Egypt.
Egypt juju fear wen dem si am and di pipol heart kon fail dem.
2 God sey, "I go make war happen for Egypt, dat time,
broda go fight against broda
and neighbour go fight against neighbour.
Town go fight against town
and kingdom go fight against kingdom.
3 I go distroy Egypt pipol with fear kon make dia plans yuzles.
Dem go-go meet dia juju for help
kon tell doz wey don die make dem advise and ansa dem.
4 I go give Egypt pipol to one bad ruler and na wiked kings go rule dem.
Mi wey bi God wey dey lead heaven sojas, don tok."
5 River Nile go dry
and all di oda river for Egypt go dry finish.

6 Di place where di river dey flow from go dey smell
and all di rivers go dry.
7 All di plants wey dey float on-top di river, go dry;
evritin wey dem plant near River Nile
go die and breeze go blow dem trowey.
8 Fishermen go kry well-well.
Yes! Pipol wey dey katch fish der
and doz wey dey trow net for di river,
go dey kry with pain.
9 Pipol wey dey make linen klot,
go konfuse well-well and dem nor go know wetin to do.
10 Pipol wey dey weave and doz wey dem hire to work,
go taya and weak well-well.
11 Zoan leaders na fools!
Wise men for Egypt dey give di king yeye advise,
if not, wetin go make yu tell Fero sey,
“I dey among doz wey sabi rite
and wi dey plan to ova-trow yu?”
12 And naw, where doz wise men wey dey advise di king?
Make dem kon tok evritin wey God dey plan to do for Egypt na!
13 Zoan and Memfis leaders na fools.
Na dem suppose lead di nashon, but bikos dem nor know di rite way,
dem dey lead di pipol anyhow.
14 God don konfuse dem; dem dey give wrong advise and evritin wey Egypt pipol dey do,
nor dey rite at-all and naw,
di pipol dey stagga like drunkard man wey sleep on-top en vomit.
15 So, work or any betta tin nor go dey Egypt again;
weda na for di leader or di ordinary pipol
or di rish and di poor.

### *Egypt Go Woship God*

16 For dat time, Egypt pipol go bi like wimen. Dem go shake dey fear
bikos Oga God wey dey lead heaven sojas don dey ready to ponish dem.
17 Den Judah pipol go sofa Egypt pipol and anybody wey go hear Judah
pipol story, go dey fear, bikos of wetin God wey dey lead heaven sojas won
do dem.
18 For dat time, five towns for Egypt go dey speak Kanaan language kon
promise to serve God. Dem go koll one of di town, “Sun town.”
19 For dat time, dem go build one altar for God for di middle for Egypt,
with one holy pila wey dem go dedikate give God for Egypt boundary. 20 E
go dey remind pipol for Egypt about God. Wen dem dey opress di pipol
and dem koll God make E kom help dem, E go send pesin go diliver and
help dem. 21 God go show ensef to Egypt pipol; dem go woship am with
ofrin and sakrifice kon know am well-well. Dem go promise God and do
wetin dem promise. 22 Even doh God go ponish Egypt pipol, E go still heal
dem again. Dem go turn to am and E go hear dia prayer kon heal dem.
23 Wen dat time rish, betta road go dey between Assyria and Egypt. Pipol
for di two kountry go dey travel go visit each oda and di two nashon go
woship togeda. 24 Wen dat time rish, Israel pipol go bi di same with Egypt
and Assyria pipol and dis three nashon go bi blessing to di whole world.

25 God wey get pawa go bless dem kon sey, “Egypt wey bi my pipol, I go bless una. Assyria pipol wey I kreate and Israel pipol wey I don choose, I go bless una well-well too.”

# 20

*Naked Profet*

1 God give dis message for di year wen King Sargon for Assyria send en
kommander go fight and konker Ashdod. 2 For dat time, God tok to Isaya
wey bi Amos pikin sey, “Make yu remove di sak wey yu wear and di sandal wey dey yor leg.” So e obey God kon waka naked without sandal for leg too.

3 Afta dem seize Ashdod town, God sey, “Isaya wey bi my savant naked dey waka about for three years naw. Dis na sign about wetin go happen
for Egypt and Ethiopia. 4 Assyria king go karry Egypt and Ethiopia pipol
go as prisonas. Weda dem yong or old, dem go waka naked with ordinary
leg and dia yansh go dey open and e go bi shame for Egypt pipol. 5 Pipol
wey trust Ethiopia and bilive sey Egypt go save dem, go fear and shame
go katch dem. 6 For dat time, pipol wey dey stay near di river go sey, ‘Si
wetin don happen to di place where wi bin put awa hope; so na where wi go run go make dem help us naw? Na where wi dey espect sey, wi go dey save from Assyria king? How wi go fit take eskape naw?’ ”

# 21

*How God Go Judge Babilon*

1 Dis message na about Babilon. Just as strong breeze dey blow kom from desert,
Na so wahala go kom from one land
wey pipol dey fear.
2 I si one bad vishon sey,
“Di pesin wey dey lie, go lie well-well
and di one wey dey distroy, go distroy well-well.
Elam sojas, make una attack!
Media sojas, make una hide attack di towns!
But God go end all dis wahala.”
3 So bikos of all dis tins wey I hear,
my belle kon dey pain mi and e dey make mi fear.
E dey pain mi like woman wey won born.
4 My heart dey shake and I dey fear well-well.
Before, I dey like wen evening rish,
but naw, I dey fear darkness.
5 Dem don arrange di party tabol;
put rug for groun where pipol wey dem invite go sidan put.
But as dem dey chop and drink, dem kon hear di kommand,
“Una wey bi sojas, make una prepare for war!”
6 Den God tell mi, “Make yu go put pipol make dem dey guide,
so dat dem go tell yu evritin wey dem si.
7 Dem must shine dia eye to si wen men wey dey ride horse dey kom two-by-two
and doz wey dey on-top donkeys and kamels.”
8 Make di guide shaut, “Oga, I dey guide both for day and nite

and na where yu sey make I dey,
na der I dey"
9 Si, men wey dey ride horse dey kom.
Den di guide sey, "Babilon don fall!
All di juju wey dem dey woship,
skata for groun!"
10 So my pipol Israel, wey dem mash for groun like flower,
na di good news wey I hear from God wey dey lead heaven sojas,
I don tell una so.

### *Message About Edom*

11 Dis message na about Edom pipol.
Somebody koll mi from Edom land sey,
"Yu wey dey guide, na wen day go break?
Na wetin remain for di nite?
Make yu tell mi wen all dis tins go end."
12 So I ansa, "Morning dey kom,
but nite go kom again.
So if yu won ask again, wen dat time rish,
make yu kom back kon ask."

### *Message About Arabia*

13 Dis message na about Arabia pipol.
Dedan pipol wey dey stay for karavan
for di empty kountry for Arabia.
14 Pipol wey wota dey hongry,
make una give dem wota drink.
Una wey bi Tema pipol,
make una give doz strenjas food chop.
15 Bikos dem dey run from swod,
bow and all di bad weapons wey dem take dey fight war,
bikos dem nor won die.
16 And dis na wetin God wey get pawa dey tok, "Just one year from naw,
all di pawa wey Kedar pipol tink sey dem get, go end. 17 Kedar pipol wey
dey fight with bow and arrow, na dem strong pass, but na only few of dem
go remain. Mi wey bi Oga God for Israel don tok and na so e must mi."

# 22

### *Message About Jerusalem*

1 Dis message na about di Vishon Valley:
Wetin dey happen?
Wetin make evribody dey klimb go on-top roof?
2 Di whole town dey make nois anyhow.
Una pipol wey die, nor die for war,
but na honga kill dem.
3 Una leaders run, but dem katch dem
without any fight or sey dem shot arrow.
Even wen di pipol try to run, dem still katch dem too.
4 So I kon sey, "Make nobody hold mi;
make una allow mi kry well-well.
Make I kry for my pipol,

bikos dem don distroy dem and nobody dey to help dem."
5 But awa Oga God wey dey lead heaven sojas get di day
wen E go kause wahala and konfushon for Vishon Valley
and evribody go beg make di mountins kom help dem.
6 Sojas ride horse from Elam land kom
and dem karry bows and arrows.
Sojas from Kir don dey ready to fight too.
7 Na shariot full Judah valley wey good well-well.
Strong Sojas stand for Jerusalem gate.
8 Nobody dey defend Judah town again;
all di pipol wey dey der don fall
and dia sojas don run go bring dia swod
from where dem hide dem put.
9 Una si all di wall wey dem break for David Town.
Una store wota for di pool wey dey bottom.
10 Una kount di house for Jerusalem kon skata some house,
so dat una go fit si tins wey una go take ribuild di walls.
11 Una make somewhere inside di town where una
go dey store wota wey dey flow kom from di old pool.
But una nor trust God wey make am.
Una nor gri depend on God wey make all dis tins.
12 For dat time, Oga God wey dey lead heaven sojas
kon sey make una dey kry,
mourn, shave una hair and wear sak klot.
13 But instead, una bigin laf and dey do party.
Una sey, "Make dem kill sheep and melu make wi chop
and make wi drink plenty wine!
Make wi drink and chop,
bikos wi go fit die tumoro."

14 But dis na wetin Oga God wey dey lead heaven sojas tell mi, "True-
true, as long as dem dey alive, I nor go forgive dem dia sin."
Mi wey bi God wey get pawa, don tok.

### *Dem Warn Shebna*

15 God wey get pawa wey dey lead heaven sojas, dis na wetin E tok,
"Go meet Shebna wey dey manage di royal house
kon tell am,
16 'Who give yu di rite to stay here?
Wish of yor family memba dem beri for here?
Who give yu rite to won dig grave for yorsef for here?
Yu dey karve grave for yorsef inside di rock.
17 Yu dey feel sey yu dey important,
but God go pick yu trowey for bush.
18 E go pick yu like ball kon trow yu
go anoda land wey far well-well.
Yu go die for der near di shariot
wey dey make yu karry body anyhow.
Yu bi disgrace for yor oga house.
19 God go remove yu from yor pozishon.
E go trow yu komot from yor ofis.' "

[20] God kon tell Shebna, “For dat time, I go koll my savant, Eliakim wey bi
Hilkaya pikin [21] kon gi-am yor robe, di belt and all di pawa wey yu get. E
go bi papa wey go dey protet Jerusalem and Judah pipol. [22] I go put David
house key for en hand. Wen e open any door, nobody go fit lock am and
wen e lock any door, nobody go fit open am. [23] I go nail am like peg for one
strong place and e go bring honor and respet kom en papa family. [24] En
whole family go dey popula bikos of am, dat is evribody wey rilate to am,
go dey popula. Bikos of am, en family go balance like plate and pot wey
dem hang for wall.

[25] “For dat time, di peg wey bin dey der before, go fall for groun, den
evritin wey hang on am, go skata.”

God, wey dey lead heaven sojas, don tok.

# 23

*God Go Judge Tyre*

[1] Dis message na about Tyre pipol.
Una wey dey drive ship,
make una kry with pain.
Dem don skata una house
and dem tell una di news as una ship dey kom from Cyprus.
[2] Make una kry! Una wey dey stay near river
and una wey bi tradas for Sidon,
men wey dey travel round sea,
[3] go sell food wey dem harvest for Egypt
and dey do business with pipol for oda kountry.
[4] Sidon pipol, make shame katch una,
bikos sea and ocean don rijet una kon dey sey,
“Wi neva feel pain like woman wey won born
or sey wi don born pikin before;
wi neva even train shidren before.”
[5] Even Egypt pipol go sopraiz well-well
wen dem hear evritin wey happen for Tyre.
[6] So, Foenicia pipol wey dey stay near di sea,
make una kry well-well!
Make una run go Tarshish!
[7] Una sure sey dis na Tyre,
di town where dem for dey celebrate since?
Town wey God kreate,
wey en pipol dey difren place for di world?
[8] Who bring all dis wahala kom Tyre wey en pipol na prince
and wey pipol dey respet dia tradas well-well for di world?
[9] Na God wey dey lead heaven sojas do am.
E do am to stop dia pride
and to ponish dia pipol wey oda pipol dey respet.
[10] Una wey dey Tarshish,
make una travel go back to una land,
just as pesin dey cross River Nile,
bikos Tyre don skata.
[11] God stresh en hand go di sea kon konker kingdoms,
den kommand make dem distroy all di strong town for Kanaan.

12 God sey, “Sidon town,
una joy don end and dem go opress una.
Even if una run go Cyprus,
una nor go dey save for der.”
13 Make una si Kaldean town,
pipol wey nor know where dem from kom!
Assyria pipol don turn di land to where wild animals dey stay.
Dem don skata dia towas,
distroy dia strong town
kon turn am to where dem dey trow dirty put.
14 So, una wey dey drive big ship,
make una kry well-well,
bikos dem don distroy di town
where una for bin dey save.

15 For dat time, dem go forget Tyre for seventy years, wey bi di normal
years wey king suppose stay for dis world. Wen dat time don pass, pipol
go know Tyre again and e go bi like di ashawo wey dey dis song:
16 “Make una take di harp kon go round di town,
una wey bi ashawo wey dem don forget!
Make una play and sing una song,
so dat men go kom meet una again.”

17 Wen di seventy years don pass, God go make Tyre strong again. Di
town go kon rish and go dey sell tins give all di oda kingdoms. 18 Di profit
wey dem go make, dem go gi-am to God. Dem nor go keep di money or
allow am many for one place, but dem go give di profit to pipol wey always
dey stay God present and dis pipol go use am take buy enough food and
fine-fine klot wey dem go wear.

# 24

### *God Go Judge Di World*

1 Si, awa Oga God dey ready to skata di world
kon turn am to where dem dey trow dirty put.
E go shake di world kon skata evribody
wey dey stay inside.
2 Evribody go sofa; priests and pipol;
slaves and dia oga dem;
pipol wey dey buy and sell;
pipol wey dey borrow odas money
and doz wey dey borrow from dem;
plus rish and poor pipol:
all of dem go sofa di same tin.
3 Di world go skata finish and nor-tin go remain.
God don tok and na so e go bi.
4 Di eart don dry,
di whole world dey shake like pesin wey kold dey katch
and e don dry too;
pipol wey dey popula for dis world,
don die go.
5 Di pipol wey dey dis world,
don skata am with sin,
bikos dem nor gri obey God law

or keep en kovenant wey go last forever.
6 So, God don curse di world.
Pipol dey pay for wetin dem do
and dis na why dem dey die anyhow
and na only few of dem remain for di world.
7 Di new grape vine don dry and wine nor dey again.
All di pipol wey dey happy before, don dey vex naw
8 and dem nor dey play dia drums,
harps or sing and happy again.
9 Dem nor dey sing or drink wine again,
bikos nobody dey enjoy di taste
bikos e dey bitter naw.
10 Di whole town don skata and pipol lock diasef inside dia house,
so dat dem go dey save.
11 Dem dey shaut for dia street,
bikos of wetin happen to dia wine.
Happiness don komot di land forever
and na sorrow full der naw.
12 Di town don skata
and en gate don fall for groun.
13 Dis na wetin go happen for evriwhere for di world.
E go bi like wen dem dey plok olive tree fruit for harvest time
kon leave only di small-small wons for der.
14 Di pipol wey go survive
go sing with happiness;
doz wey dey for west
go tok how God big and great rish
15 and doz wey dey for east,
go praiz am.
Di pipol wey dey stay near sea
go praiz di Oga wey bi Israel pipol God.
16 Pipol go dey sing for evriwhere for di world as dem
dey praiz Israel pipol God wey dey raitious.
But I nor get hope at-all and na die I dey die go so,
bikos pipol wey dey lie,
still dey lie and doz wey dey deceive odas,
still dey deceive!
17 So make evribody listin to mi!
Wahala, big pit and trap wey dem set dey wait to katch
and kill all di pipol for dis eart.
18 Anybody wey run from di wahala go fall for di pit
and anybody wey won eskape from di pit,
di trap go katch am, bikos wahala
like heavy rain go fall from heaven
and di eart foundashon go shake.
19 Di world don break to pieces;
e don krack open kon dey shake well-well.
20 Di world go stagga like drunkard man;
e go shake like house wey heavy rain dey disturb.
En sin go draw am fall for groun;
e go fall and e nor go raiz-up again.

*God Go Bi King*

21 For dat time, God go ponish di wiked spirits
wey dey di sky with doz
wey dey rule as kings for dis world.
22 God go gada dem put for pit,
lock dem for prison
and afta dem don stay der tey,
E go kon ponish dem.
23 Di moon go dey dark and sun nor go shine again,
bikos Oga God wey dey lead heaven sojas,
go rule from Mount Zion for Jerusalem
and evribody go si en glory wey big well-well.

# 25

*Praiz Song*

1 Oga God, na Yu bi my God!
I go praiz yor name kon show as Yu good rish,
bikos Yu don do wonderful tins and na as Yu tok before-before,
na so Yu do am.
2 Yu don turn di towns to where dem dey trow dirty put.
Di place where strenjas for dey save before,
nor bi town again and nobody go ribuild am.
3 Pipol from strong kountry go praiz Yu
and wiked pipol from oda towns,
go fear Yu well-well,
4 bikos na Yu dey protet poor pipol
and doz wey nor get anytin.
Yu dey protet dem from rain kon kover dem from hot sun,
bikos di way wiked pipol dey bihave,
bi like heavy rain wey dey fall.
5 Just as heat dey make land dry,
na so too Yu dey kwayet strenjas wey dey karry body up.
Just as kloud shadow dey make hot place kool,
na so too Yu dey silent wiked pipol.
6 For Mount Zion, God wey dey lead heaven sojas
go do big party for all di pipol for di world.
For di party, plenty food go dey to chop and wine go dey to drink;
betta meat and sweet wine go dey too.
7 Na for dis mountin God go for swallow sorrow,
pain and evry bad tin wey dey trobol en pipol.
8 God wey get pawa go distroy
and swallow deat forever!
Doz wey dey kry, God go klean dia eyes
and E go remove di disgrace wey en pipol don sofa for dis world.
God, wey dey lead heaven sojas, don tok.
9 Wen all dis tins dey happen, pipol go sey,
"Look! Make una si God for here!
Wi wait for am and E don kom diliver us.
Si God for here! Wi really wait for am.
So make wi rijoice and dey happy bikos E don save us."

### *God Go Ponish Moab Pipol*

10 God go protet and guide Mount Zion,
just as pipol dey mash grass pass,
na so too E go take distroy Moab pipol.
11 Even wen dem stresh dia hand like man wey won swim,
God go ponish dem and dia hands go weak, bikos of dia pride.
12 God go distroy di high wall wey Moab pipol take dey protet diasef
and E go bring dem down forever.

# 26

### *God Go Give En Pipol Viktory*

1 For day time, pipol go sing dis song for Judah land:
"Awa town dey strong well-well!
God ensef dey defend awa wall and na-im dey make us strong!
2 Make una open di town gates,
so dat di nashon wey dey faithful;
wey en pipol dey do wetin dey rite, go fit enter.
3 Oga God, Yu dey guide and save pipol wey dey faithful,
bikos dem trust Yu.
4 Make wi always dey trust God
and E go protet us forever.
5 True-true, pipol wey dey karry body up,
God dey bring dem down.
E dey distroy and skata towns wey tink sey dem too strong.
Yes, E dey trow dem for dust.
6 Pipol wey dem dey opress before,
dey mash dem pass naw.
Yes, poor pipol dey waka on-top dem naw.
7 Raitious pipol dey live korrect and good life
and dia ways dey-dey strait.
8 My Oga God! Wi dey wait for Yu as Yu dey judge us.
Yes! Na yor greatness and as Yu dey do yor tins,
dey make us grow.
9 I look for Yu for nite, my spirit dey find Yu for morning,
bikos wen Yu start to judge di world,
den pipol for dis world go know and learn how to bihave well.
10 Even if Yu sorry for wiked pipol,
dem nor go still learn how to do wetin dey rite
and even for where raitious pipol dey rule,
wiked pipol still dey do wiked tins;
dem nor dey si God glory wey dey kom.
11 My God, even doh Yu don dey ready to ponish wiked pipol,
dem nor still know sey Yu won ponish dem.
Dem go si am and shame go katch
dem wen dem si how Yu go take judge yor enemies for di world.
12 My God! Na Yu make us dey save
and dey prosper and even evritin wey wi get,
na Yu give us.
13 Oga God, difren-difren pipol don rule us,
but na only Yu wi go dey praiz forever.

14 Dis pipol don die and dem nor go kom back again.
Dia spirit nor go fit raiz-up again,
bikos Yu don judge and distroy dem.
15 Yu don make awa nashon big well-well
and Yu kon show how Yu strong rish.
Yes! Yu don make awa land wide well-well.
16 God, wen wi dey pass thru pain,
wi kry, pray and look for Yu,
bikos of di way Yu dey ponish us.
17 Just as woman wey get belle
dey kry and shaut with pain wen e won born,
na so too wi dey kry from awa heart
for Yu wey bi awa Oga God.
18 Instead make wi born pikin,
na breeze awa pain born.
Wi neva win anytin and wi nor get shidren
wey go take-ova awa world.
19 God pipol wey don die,
go kom back to life!
Dia body go raiz-up again.
So, all of una wey dey grave,
make una wake-up kon shaut with happiness,
bikos una go grow well like grass wey dew fall put
and di eart go bring back evritin wey don die."

### *Judgement*

20 My pipol! Make una dey go!
Make una enter una house kon lock una door!
Make una hide unasef until God don vex finish,
21 bikos God dey kom from where E dey stay for heaven
kon ponish pipol bikos of dia sins.
Di eart go show all di innocent pipol blood
wey dem share on-top am
and e nor go ever forget di innocent pipol wey dem kill.

## 27

### *God Go Kill Di Dragon*

1 For dat day,
God go use en great and pawaful swod
take ponish and distroy Leviatan;
dat dragon wey dey twist and waka fast-fast.
Yes! God go kill di great monsta
wey dey inside sea.
2 Wen di time rish,
make una sing about God vineyard!
3 "Na mi wey bi God go protet am,
I dey always look and wota am.
I dey guide am both for day and nite,
so dat nobody go skata am.
4 I nor dey vex for di vineyard again.
If enemies won attack my pipol,

I go mash go fight and burn dem with fire.
5 But if my pipol enemies wont make I protet dem,
make dem make peace with mi.
Yes! Make dem make peace with mi."
6 Time dey kom wen Jakob shidren-shidren go get rut
like tree and dem go grow well.
Di fruit wey dem go bear, go full di eart.
7 God don distroy Israel pipol,
just as E do doz wey dey opress dem?
E don kill Israel pipol as E kill dia enemies?
8 No, but God vex for en pipol
kon send dem go Babilon as dia ponishment.
E karry dem komot from dia land
with one strong breeze from di east.
9 So like dis, God go forgive Jakob shidren
and na like dat dem go take show sey dem nor go sin again.
Dem go skata all di stone for dia juju altars
kon distroy Asherah juju and all di incense altars.
10 Naw, dem don distroy all di strong towns.
E empty and e don turn desert where animals
for dey kom look for food chop.
11 Di pipol bi like trees branches wey don dry and skata for groun;
wey wimen dey gada take do firewood.
So, bikos di pipol nor undastand anytin,
God wey kreate dem nor go sorry or pity for dem.

12 Di time dey kom wen God go shake di tree from Eufrates River go rish
di rut for Egypt and just as farmer dey separate korn from dia kanda, na
so too God go gada and separate en pipol one-by-one. 13 Wen dat day rish,
dem go blow one loud trumpet, den Israel pipol wey dem katch go Egypt
and Assyria go kom back kon woship Oga God for en holy mountin for
Jerusalem.

# 28

### *God Go Judge Samaria*

1 Efraim pipol, una own don finish!
Una glory dey fade like flower wey breeze blow trowey,
bikos una leaders don drink well-well
and even with all di perfume wey dem spray,
dem still sleep for dirty,
bikos di drink don katch dem well-well.
2 Si! God dey send one strong pesin
wey get pawa well-well kom attack una.
Di pesin go kom like heavy rain
kon attack and distroy una with una land.
3 Di leaders wey drink dey katch,
dem go mash dia crown for groun.
4 Di proud leaders glory wey don dey fade,
go disappear like di first fig wey kom out for en sizin;
pipol go plok dem chop wen dem neva ripe.
5 For dat time, God wey get pawa go bi betta crown
wey get glory to en pipol wey survive.

6 E go give wisdom to doz wey dey judge,
so dat dem go judge well.
E go give strong heart to doz wey dey defend di town,
so dat dem nor go fear any attack.

### *Isaya And Di Profets*

7 Even di profets and di priests dey stagga
bikos dem don drink well-well.
Dem don drink plenty wine and e dey konfuse dem.
Dem don drink sotey dem nor dey fit
undastand di vishon wey God send kom or judge any kase well.
8 Dem don kover dia tabol with vomit
and evriwhere dey smell.
9 Dem dey sey, "Who God dey try to tish sef?
Who E dey esplain en message for?
En message good for only shidren wey just stop to suck breast!
10 Bikos E dey won tish us word for word,
line by line and lesin by lesin,
do am like dis or do am like dat."
11 So if una nor won listin,
God go use strenjas wey go opress
and tish una lesin with language wey una nor undastand.
12 Before-before, God tell dem,
"Dis na where una go dey sikure,
so doz wey don taya go fit rest for here.
Yes! Dis na where una go fit rest put."
But dem nor gri listin to am.
13 So God word nor make sense at-all to dem
and na dis go make dem fall wen dem try to waka.
Yes! Dem go fall for trap kon wound
and dia enemies go karry dem go as prisonas.

### *Zion Main Stone*

14 So, all di sturbon and wiked rulers for Jerusalem,
make una listin to wetin God dey tok.
15 Bikos una dey boast sey una don follow deat
and dead body enter agriment.
Una dey sure sey wahala nor go near una wen e kom,
bikos una bilive sey una lie-lie word go save una.
16 Naw, dis na wetin God tok,
"I dey put one foundashon stone for Zion
and dem rite dis word put,
'Di pesin wey bilive and get faith, make e nor fear.'
17 Na justice dem go take measure di foundashon.
And na trut dem go take build am."
Big-big stones go fall kon kill all di pipol wey dey lie well-well
and wota go distroy all di place where dem tink sey dem dey save.
18 Di agriment wey una make with deat,
nor go work again
and dem go kansol di one wey una enter with dead body.
Wen judgement go kom like strong wave,
e go karry una go.
19 Wen God dey Judge una, E go karry una go.

E go judge di town both for day and nite.
Na fear and pain dis message go give una wen una don undastand am.
20 Bikos di bed go too short to stresh body
and di klot go too small to kover body.
21 Den God go raiz-up as E do for Mount Perazim and for Gibeon Valley,
so dat E go do wetin E won do.
Even if wetin E dey do dey sopraiz us;
E go komplete en wonderful work.
22 So make una nor laf as I dey warn una,
if not, e go hard una well-well to eskape.
Bikos I hear wen God wey get pawa
sey E go distroy di whole kountry.

### *God Wisdom*

23 Make una listin to wetin I dey tok;
make una hear wetin I dey tish una.
24 E get farmer wey go just dey klear en land
wen e suppose to dey plant?
25 Wons e just prepare di soil,
e go plant di seed and herb put kon plant wheat,
barley and rice for di korna.
26 E know how to do en work,
bikos God don tish am how to work as farmer.
27 E nor dey use heavy hoe take dig di seed kom out,
instead, e dey use small-small stik wey bi dia size.
28 E must grind en flour if e won make bread.
En melu wey e take dey work,
e know how e go take karry dem pass di farm,
so dat dia leg nor go distroy di rice.
29 All dis wisdom dey kom from God wey dey lead heaven sojas.
Na-im dey give pipol wisdom
and dey guide us for evritin wey wi dey do.

# 29

### *Jerusalem Faith*

1 Jerusalem, David town,
una own don finish!
Make una kontinue to dey do una sakrifice evry year,
just as e suppose bi.
2 But mi God go bring wahala kom di town;
dem go mourn and kry
and e go bi like my altar where dem for dey do sakrifice.
3 I go bi una enemy and I go attack,
seize and distroy di town.
4 Jerusalem go fall and as dem dey groun dem go kry for help,
but nobody go hear dia vois.
5 Jerusalem, all di strenjas wey attack yu
and di sojas wey make yu dey fear,
na wons God go blow dem komot like ordinary dust.
6 Den God wey dey lead heaven sojas
go send en judgement kom with tonda,

eartkweke and one loud vois.
E go send strong rain
and betta fire follow dem too.
7 E go bi like dream; like vishon for nite.
Wahala go dey for all di pipol wey dey fight and disturb God town.
8 E go bi like man wey dey hongry,
wey dream sey e dey chop, but wen e wake-up,
e si sey en belle still empty.
E go bi like man wey dey hongry for wota
kon dey dream sey e dey drink,
but wen e wake-up,
e si sey wota still dey hongry am well-well.
Na so e go bi for all di pipol wey dey fight
and disturb Mount Zion.

### *Warnin*

9 Make una kontinue to dey fool unasef!
Make una dey bihave like pesin wey nor dey si!
Make una dey stagga fall even wen una nor drink wine.
Yes! Make una dey stagga waka,
even doh una nor drink!
10 God don make una dey do like sey una don drink,
so una go sleep go.
God don blind di profets eyes
and doz wey dey sey future nor go fit si anytin again.
11 To una, evritin wey di profet tok, bi like word wey dem rite for book
kon klose am. Wen dem gi-am to pesin wey sabi read kon sey, "Read am,"
e go ansa, "I nor fit, bikos dem klose am." 12 Or if una gi-am to pesin wey
nor sabi read make e read am, e nor go fit, bikos e nor sabi read.
13 God sey, "Dis pipol sey dem dey obey mi,
dem dey tok good-good tins about mi,
but dem nor really dey respet mi
and evritin wey dem tok nor rish dia heart.
Dia relijon na law and tradishon
wey human being make with dia own hand.
14 So I go still do tins wey go dey sopraiz dem:
tins wey dem nor go undastand.
Wise men nor go get anytin to tok;
doz wey get sense nor go fit esplain wetin dey happen."
15 Pipol wey dey try to hide dia plans from God,
nor betta pass doz wey don die!
Dem dey hide do dia work for korna,
dey tink sey nobody dey si or know wetin dem dey do,
bikos dem dey boast sey,
"Who dey si us? Who know wetin wi dey do?"
16 Dem dey turn evritin up-side-down.
Wish one dey important pass:
di pesin wey dey mold di klay or di klay?
Wetin pesin make fit ask am,
"Na yu make mi?"
Abi di pot fit tell who dey make am sey,
"Yu know wetin yu dey do so?"

*Hope Wey Dey Di Future*

17 So e nor go tey again before Lebanon forest go turn betta groun
and di betta groun so for Lebanon,
go produce good good food.
18 Wen dat day rish,
deaf pipol go hear words wey dem read from book give dem
and blind pipol go si even inside darkness.
19 Poor pipol and doz wey honbol diasef
go si di happiness wey di Oga wey bi Israel pipol God, dey give.
20 Bikos pipol wey dey opress odas go vanish
and all doz wey like to dey do bad tins, go die.
21 God go distroy doz wey dey lie against dia neighbours;
pipol wey dey katch and kill pipol
and doz wey nor dey give korrect judgement.
22 So Oga God wey diliver Abraham,
dis na wetin E dey tell Jakob shidren-shidren:
"My pipol, dem nor go disgrace una again
and una nor go dey shame again.
23 Wen una go si di shidren wey I go give una,
den una go know sey na mi bi Israel God wey dey holy
and una go honor my name.
Una go honor mi wey bi una King.
Yes! Una go respet Israel pipol God.
24 Doz wey dey foolish go undastand well
and pipol wey dey always komplain, go get wisdom."

# 30

*Yuzles Agriment With Egypt*

1 God sey,
"I go ponish my shidren wey
nor dey obey my kommand.
Pipol wey dey do wetin dem like
and enter agriment
with wiked pipol
kon dey do tins without my Spirit.
Dem just dey add join dia sins.
2 Only dem go Egypt for proteshon kon beg Fero make e guide dem,
even doh I nor send dem.
3 But na shame una go get from Fero proteshon,
bikos Egypt pipol nor go fit help una at-all.
4 Aldo, Egypt leaders dey Zoan
and dia ofisas dey kom from Hanes,
5 God go disgrace Israel pipol,
bikos dis pipol nor fit help dem.
Dem nor go fit help dem at-all,
instead na shame and disgrace dem dey bring."
6 Dis message na about di animals for Negev:
For der, di pipol pak dia propaty and money on-top donkey
kon travel pass one land wey wahala and trobol full;
where lions, snake and oda wiked animals dey stay.
Dem travel go meet pipol wey nor go fit help dem.

7 Egypt pipol nor go fit help dem at-all
and bikos of dis, I koll di land,
"Nashon wey dey make mout, but dem nor get pawa."
8 Naw, make yu go rite am down for dia present;
rite am for one book so dat dem go fit keep am wait
dia shidren-shidren make dem for know wetin happen.
9 Bikos dis pipol sturbon and dey lie well-well;
dem bi shidren wey nor gri obey God law.
10 Dem tell di pesin wey dey si vishon sey,
"Make yu nor si any vishon for us"
and dem tell di profet sey,
"Make yu nor tell us di rite tin again!"
Dey tell us betta and sweet tins.
Make yu just dey lie give us.
11 "Nor do good again, but make yu kom join us.
Make yu nor tell us about di Holy One for Israel again."
12 Bikos of dis, di Oga wey bi God for Israel sey,
"Una don rijet dis message kon bilive una pawa
wey bi to opress and deceive pipol.
Yes! Una really love una bad karata.
13 So na dis sin go distroy una.
Una go bi like high old wall wey don krack
and wey go soon fall and na wons e go fall.
14 E go skata for groun like pot wey break to pieces
and nobody go fit pick or arrange am again."
15 Dis na wetin di Oga wey bi Israel God dey tok:
"I wish sey una gri turn from sin kom meet mi
kon dey wait with patient, I for diliver una;
if una kwayet, dey wait mi,
I go give una strent and pawa, but una nor gri wait.
16 Instead, una sey, 'No! Wi go enter awa horse kon run,'
and true-true, una go run.
Una sey, 'Wi go run with di horse wey fast pass,'
but doz wey dey porshu una, go fast pass una.
17 Only one of una enemies soja go kill 1,000 of una,
den wons una si five of una enemies sojas,
all of una go run until una nor many again
kon small like poles wey dey on-top mountin
or sign flag wey dey on-top hill."

### *God Nor Go Leave En Pipol*

18 Bikos of dis, God dey ready to pity for en pipol;
E sidan for en throne and E dey ready to forgive una.
True-true, God dey good and evribody wey get faith
and dey wait am, go happy well-well.
19 Una go stay for Zion! Jerusalem pipol nor go kry again. Wen God hear
as una dey kry with pain, E go kom save and help una. Yes! E go ansa wen
una kry for help. 20 Aldo, God go give una sofa chop like food kon make
una drink pain una; but E go still dey with una to tisha una. Una go si una
tisha with una own eye. 21 Una go hear one vois dey tok from una back
sey, "Na di korrect way bi dis, make una waka pass der," weda una dey

waka go rite or left. 22 Una go distroy una juju wey dem make with silva
and gold. Una go trowey dem like rag wey dem take klean groun kon sey,
"Make una take dem komot here."
23 God go pour wota put for di seed wey una plant and di groun go
produce plenty food for una. For dat time, una animals go chop betta
green grass for field. 24 Di melu and oda animals wey una take dey work
for una field, go dey chop betta-betta food. 25 For dat time wen dem kill
pipol well-well and di towas don fall, wota go dey flow kom from evry
mountin and hill. 26 Full moon lite go shine like sun for aftanoon and sun
lite go shine seven times pass as e dey shine before and e go bi like seven
days lite. Den God go join en pipol bones wey bin break kon heal all dia
wound.

27 Si! God dey kom from far with strong vexnashon and great glory.
E dey vex dey tok and en words bi like fire wey dey distroy tins.
28 Wen E shaut for war,
e bi like river wey dey distroy tins
or wey kover pesin rish en neck.
E go shake di pipol like tray wey dem take
dey separate rice from en kanda.
E go put rope for dia mout kon distroy dem.
29 But una go sing just as una dey do
wen una dey do festival for evening;
una go happy like pesin wey dey blow trumpet
go woship for di Oga God mountin;
di God wey dey protet Israel.
30 God go shaut well-well kon fight with pawa.
Yes! E go vex kom with fire wey dey distroy,
heavy rain and with big-big stone wey dey fall from heaven.
31 True-true, God vois go skata Assyria pipol,
E go distroy dem with en rod.
32 Evry blow wey E give dem,
Israel pipol go support am with music from dia trumpet
and jita and E go attack dem with en swod.
33 Dem don already prepare di place
where dem go beri Israel enemies put;
dem don make am deep and wide for dia king.
Dem don gada di firewood
and God breath wey bi like fire and sulfur,
go kom like river wey dey flow kon distroy en enemies.

# 31

### *God Go Protet Jerusalem*

1 Pipol wey dey go Egypt for help,
curse dey dia head!
Dem dey put dia hope for di plenty sojas,
ordinary horse and shariot wey Egypt get.
But dem nor trust Israel God
or kom meet am make E help dem!
2 God wise well-well! E dey do just as E tok.
E go ponish wiked pipol

and doz wey dey enkourage pipol to sin.
3 Egypt pipol nor bi god!
Dem bi ordinary human being.
Dia horse na just flesh nor bi spirit!
God go distroy dem with en hand.
Di pipol wey dey help dem, go stagga and di ones wey dem dey help,
go fall for groun and all of dem go die togeda.

### *God Go Defend Zion*

4 True-true, dis na wetin God tell mi,
"Like lion wey dey shaut with vexnashon
or yong lion wey won chop wetin e kill,
na so I go bi like. Even doh many shepad gada round di lion,
e nor dey fear dia shaut or run from dem.
Na like dis too, Oga God wey dey lead heaven sojas,
go kom help Mount Zion.
5 Just as bird dey fly round en house make e for protet en shidren,
na so too God go protet and defend Jerusalem."
6 God sey, "Israel pipol, una don sin and oppoz mi, but make una turn
from sin kom meet mi! 7 Bikos I know sey di time go kom wen all of una
go trowey di juju wey una use gold and silva take make.
8 "Dem go kill Assyria pipol with swod for war
and nor bi swod wey human being make.
Assyria pipol go run from di swod
and dem go turn dia yong men to slaves.
9 Dia king go run komot from en palis bikos of fear;
dia ofisas go dey fear wen dem si God war flag."
Dis na God word;
di One wey en fire dey burn well-well for Mount Zion.

## 32

### *Betta Judgement And Wisdom*

1 Di time dey kom wen one king go rule well
and di leaders go dey judge well too.
2 Dem go bi like house wey pesin hide put
bikos of heavy rain.
Dem go bi like wota wey dey rush for desert;
like big rock wey en shadow kover empty land.
3 Dia eyes nor go dey blind
and dia ears go dey listin well to hear wetin di pipol wont.
4 Dem nor go wiked again and dem go dey do tins
and tok to dia pipol well.
5 Nobody go sey foolish pipol get sense and doz wey dey deceive odas,
nobody go sey dem wise.
6 Foolish pipol dey tok anyhow
and na wikedness full dia mind.
Tins wey God nor like, na-im dem dey like to do
and dem dey tok yuzles tins about di Oga awa God.
Pipol wey dey hongry, dem dey make hongry kill dem more
and doz wey nid wota, dem nor dey gri give dem wota drink.
7 Na so-so wiked tins pipol wey dey deceive odas dey tink

and na di wiked tins wey dem won do to poor pipol,
dem dey always dream about,
even wen di poor pipol dey do wetin dey rite.
8 But good pesin dey plan to do good tins
and na-im karata dey save am.

*Judgement And Restorashon*

9 Wimen wey dey enjoy life,
make una listin to wetin I dey tok!
Di wimen wey get heart well-well
and nor kare about anytin, make una listin to mi:
10 "Una fit dey okay naw,
but by dis time next year, una go dey hongry,
bikos grapes nor go dey wey una go gada;
una nor go even si any fruit chop.
11 Una dey enjoy life since and nor kare about anytin,
but naw, make una shake dey fear!
Make una pul una klot kon tie rag for una waist.
12 Make una kry, bikos dem don distroy
una good land and una vineyards.
13 Make una kry well-well,
bikos shuku-shuku and grass don grow kover di land.
Make una kry for all di house
and towns wey pipol for dey happy before.
14 Bikos dem don run leave dia strong town.
Di town wey pipol bin full don turn empty place.
Nobody dey stay dia hill and towas again and naw,
na der wiked donkey and sheep dey for chop grass.
15 Na so dis tins go bi until God go from heaven
kon give us new life,
den di desert go turn where fruit dey
and di fruit tree go many like sey na forest.
16 Dat time, dem go dey judge and trit evribody well
both for di desert and for di town
17 and bikos evribody dey do wetin dey rite,
peace and sekurity go dey der forever.
18 God pipol nor go worry again;
peace go dey dia house and dem go dey save.
19 But even if dem distroy di forest
kon skata di town,
20 di pipol go still dey happy,
bikos wota go dey plenty for dem to plant dia seed
and dia animals go dey save,
bikos dem go si grass chop."

# 33

*Prayer For Help*

1 Pesin wey dey spoil pipol waka nor betta pass doz wey don die,
bikos nobody spoil am.
Di pesin wey dey deceive odas nor betta pass who don die,
even doh nobody deceive am.

Wen yu don spoil and deceive pipol finish,
oda pipol go spoil and deceive yu too.
2 So my God, make Yu sorry for us,
bikos na Yu wi put awa hope on.
Make Yu dey protet us evriday
kon save us from trobol.
3 Wen Yu fight for us,
nashons dey run!
Wen dem hear yor nois,
dem dey run skata.
4 Awa enemies propaty dey skata
like plant wey ant chop.
5 God dey great well-well!
Yes, E dey stay for heaven.
E dey judge Jerusalem pipol well-well.
6 Na-im dey make en pipol strong
kon make dem dey save.
E dey protet and give dem wisdom and na only doz wey dey fear am,
E dey do all dis tins for.
7 Si, pipol wey dey ripresent kountries dey kry
and doz wey dem send to go make peace,
dey sorry for demsef.
8 Di main road dey empty,
bikos nobody dey travel again.
Kontries dey break di agriment wey dem make
with each oda and pipol
nor dey respet one anoda again.
9 Di land don dry and nor-tin dey inside again.
Lebanon forest don dry finish;
Sharon valley bi like desert naw
and di trees for Bashan and Karmel mountin don dry finish.

### *God Warn En Enemies*

10 God tell di nashons sey, "Naw, I go get up!
I go show how my pawa big rish kon make una respet mi.
11 Una just dey make yeye plans
and evritin wey una dey do, dey yuzles.
Di air wey una dey breath,
na fire wey go distroy una.
12 Una go skata like rocks wey dem dey burn take make lime;
like shuku-shuku wey dey burn to ashes.
13 So make evribody wey dey near and far hear wetin I don do,
so dat dem go know how my pawa bi."
14 Zion pipol wey dey sin, dey fear!
Pipol wey nor dey fear God, dey shake.
Dem sey, "E get any one of us
wey fit survive dat kind fire?"
15 Di pesin wey dey do and tok wetin dey rite;
wey nor dey shit poor pipol,
bikos e get pawa and wey nor dey take bribe,
join doz wey kill pipol or join do bad tins,
16 na-im go dey save like kountry wey dem protet well-well.

E go get food and wota to chop and drink.

*Betta Tumoro*

17 E nor go tey again before una go si one good king wey dey rule well
with one kingdom wey big and wide well-well.
18 Una go remember all di wahala wey una face before,
den una go ask unasef,
"Where dem rite dis tins put?
Where di pesin wey dey hold di money?
Where di pesin wey dey kount di towa?"
19 Una nor go ever si sturbon pipol
wey go dey speak language wey una nor undastand again.
20 Instead, una go si Zion,
di town where wi for dey celebrate awa festival.
Una go si Jerusalem too!
E go dey save well-well and pipol go stay der!
E go bi like tent wey dem nor dey karry komot from where e dey;
tent wey dem nor dey pul en peg from groun
and en rope nor go kut.
21 True-true, God go rule for der as awa king.
River wota go dey flow pass awa land.
No war ship or big ship go drive pass am.
22 Bikos God wey bi awa ruler, kommander and king,
go diliver us.
23 For dis time, all awa enemies ship rope don slak;
di ship don weak well-well!
Wi go seize all di propaty wey awa enemies sojas get
kon divide dia propaty among doz wey nor fit waka.
24 Nobody for Zion go sey, "I know well or I dey sick",
di pipol wey dey der, God go forgive dem dia sins.

# 34

*God Go Ponish En Enemies*

1 Pipol from evry nashon,
make una kom!
Make una gada kon listin.
Make evribody for di world listin.
2 God dey vex for all di nashons and dia sojas.
E go kill and distroy dem.
3 Nobody go beri dem; dem go rotin for groun.
Dem go dey smell for evriwhere and dia blood go kover di mountins.
4 All di stars go vanish komot, di sky go disappear like book wey dem klose
and di stars go fall like dry leaf wey fall from vine or fig tree.
5 God dey ready with en swod for heaven and E go kut Edom;
doz pipol wey E won kondemn and distroy.
6 Na dia blood and flesh full God swod like sey na lamb,
goat or animal wey dem take do sakrifice.
God go do dis sakrifice for Bozrah town
and E go kill Edom pipol well-well for di land.
7 God go kill dem with all dia animals.
Blood go kover dia land and di pipol flesh go kover evriwhere.

8 God don plan di day wey E go revensh Edom pipol
for all di bad tins wey dem do en pipol, Israel.
9 Edom rivers go turn black like shako and di land go turn to sulfur.
Di whole kountry go black like shako too.
10 E go dey burn both for day and nite and smoke go dey
kom out from am forever.
Nobody go ever fit stay or travel pass di land
from one generashon go rish anoda.
11 Na owls and ravens go dey stay di land.
God nor go let am bear fruit again,
just as e dey bear before wen God kreate di world.
12 En kings and leaders nor go get anywhere to koll dia kingdom again
and all en ofisas go disappear.
13 Shuku-shuku go grow full dia farms;
jackals and owls go dey stay for di town.
14 Na for der doz animals for desert go dey do meetin;
wiked goat go dey koll demsef for der
and na der too doz wiked animals for nite,
go dey kom rest.
15 Wiked bird go build dia house, lay eggs,
born dia shidren and kare for dem for der.
Vulture go gada for der one-by-one.
16 So make una take time take read God book!
No one among dis animals go miss and all of dem go get dia patina.
God don kommand and en ensef go bring dem togeda with en Spirit.
17 Na God go divide di land give dem
and E go give evribody di one wey rish am.
Dem go stay for di land from one generashon
go rish anoda one.

# 35

*Holiness Road*

1 Make di desert and doz dry aria, happy.
Make di wildaness happy kon grow well like lily flower!
2 Di desert go sing and shaut bikos e dey happy;
e go fine like Lebanon mountins.
Di soil go dey good like Sharon and Karmel farms.
Evribody go si God glory, en greatness and pawa.
3 Di hands and legs wey don taya,
make una make dem strong.
4 Make una tell evribody wey nor get hope sey,
"Make yu dey strong, nor fear at-all!
God dey kom save yu
and E go ponish yor enemies."
5 Den blind eyes go open and doz wey nor dey hear,
go hear word.
6 Pipol wey nor fit waka,
go stand up dance and pipol wey nor fit tok,
go dey shaut with happiness.
River go dey flow

kom from all di desert;
7 di hot groun go turn to lake
and wota go kover all di dry land.
Where wiked dogs bin dey stay,
grass, reeds and straw go grow full der.
8 One fine road go dey der and dem go koll am,
"Holiness Road."
No sina go travel pass dat road
and foolish pipol nor go fit deceive doz wey dey waka pass der.
9 No lion go dey der and wild animals nor go pass dat place.
Na di pipol wey God don save, go pass dat road.
10 Dem go dey happy, dey sing
and shaut with joy till dem rish Jerusalem.
Dem go dey happy forever and dem go dey free
from sorrow and pain.

# 36

*Assyria And Jerusalem*

1 For di fourteent year wen Hezekaya bi king for Judah, King Sennakerib
for Assyria kon attack and seize all Judah strong town. 2 Den e kommand
en offisa oga sey make e karry plenty sojas from Lakish go Jerusalem kon
tell King Hezekaya sey make e surenda. So, di ofisas take-ova di road where
di pipol for dey wosh and dry klot, near di Uppa Pool. 3 Den, Eliakim wey
Hilkaya born, Shebna wey bi di kourt seketry and Joah wey bi Asaf pikin
wey dey keep rekord, kom out kon go meet Assyria offisa wey di king send
kom.

4 Di offisa tell Jerusalem pipol, "Make una tell Hezekaya sey,

'Dis na wetin di great king for Assyria tok: "Wetin dey give yu dis
mind? 5 Yu tink sey ordinary word fit do wetin soja pawa fit do? Who
una tink sey go help una fight Assyria pipol? 6 Una dey espect Egypt
pipol to kom help una, but dat go bi like sey una won use soft stik take
waka; but e go break kon wound una hand. Dat na how Egypt king bi
to anybody wey put hope on am." ' "

7 Di Assyria ofisas still sey,

"May bi una go tell mi sey, 'Wi trust di Oga awa God.' But nor bi en
Hezekaya curse? Hezekaya nor skata all en shrine and altars kon sey
evribody for Judah and Jerusalem go woship for only one altar for Zion?

8 I go make agriment with una bikos of di king. I go give una 2,000
horse, as long as una get who go ride dem. 9 Una sojas nor even dey
di same rank with Assyria soja wey small pass, even if una bring Egypt
shariot and sojas kom help una. 10 Na God kommand make mi kom here
won distroy dis kountry so. Na God ensef tell mi sey, 'Make yu go attack
and distroy dis land.' "

11 Den Eliakim, Shebna and Joah tell di offisa, "Make yu speak Aramaik
give us. Wi dey undastand am, make yu nor speak Hibru, bikos all di pipol
wey dey di wall dey listin."

12 Di offisa kon ansa, "Una tink sey na only di king and una three, di
king send mi kom tell all dis tins? No! I still dey tell di pipol wey sidan
for di wall, wey go soon chop dia shit kon drink dia piss, just as unasef go
do."

13 Den di ofisas stand up kon shaut for Hibru, “Make una listin to wetin
Assyria king won tell una. 14 E dey warn una sey make una nor let
Hezekaya deceive una, bikos Hezekaya nor go fit save una. 15 Make una
nor let am force una trust God. Abi una tink sey God go save una, so dat
Assyria sojas nor go kapture una town?
16 “Make una nor listin to Hezekaya! And naw, Assyria king dey
kommand una sey, make una surenda. Dem go let all of una chop grapes
from una own vine and figs from una own trees kon drink wota from una
own well, 17 till di king go put una for one kountry wey bi like una own;
where vineyard dey wey go give una wine and flower to take make bread.
18 “Make una nor let Hezekaya deceive una sey God go save una. E get
any god wey fit save en pipol from Assyria king? 19 Where Hamat and
Arpad gods dey naw? Where Sefarvaim gods dey sef? E get anybody wey
save Samaria? 20 Wish time any kountry god don fit save en pipol from
awa king? So, wetin make una tink sey una God go fit save Jerusalem?”
21 Di pipol no tok at-all, bikos King Hezekaya don tell dem make dem
kwayet.
22 Den Eliakim, Shebna and Joah vex tear dia klot kon go tell di king
wetin Assyria offisa tok.

# 37

*Di King And Isaya*

1 As King Hezekaya hear di ripot, e vex tear en klot kon wear sak klot
go God temple. 2 E send Eliakim wey bi di offisa wey dey kare for di palis,
Shebna wey bi di kourt seketry and di senior priest go meet Profet Isaya
wey bi Amos pikin and all of dem wear sak klot too. 3 Dis na di message
wey e send dem: “Today na trobol day, bikos dem don ponish and disgrace
us well-well. Wi bi like woman wey won born, but wi too weak to even
push. 4 Assyria king don send en offisa oga kon curse God. Make God wey
bi yor God hear dis curse, so dat E go ponish di pipol wey curse am. So
make una pray to God for all awa pipol wey remain.”
5 Wen Profet Isaya si Hezekaya message wey e send thru en savants, 6 e
kon sey, “Make una tell di king: ‘Dis na wetin God tok: “Make una nor
fear bikos of all di tins wey una hear and di curse wey Assyria king savant
curse mi. 7 Si, mi God go kontrol en mind; e go hear one news wey go
make am run go back to en kountry, den I go kill-am for der.” ’ ”

*Assyria Pipol Treaten Jerusalem Again*

8 Wen Assyria offisa oga kom back from Jerusalem kon hear sey di king
don komot from Lakish go fight against Libnah town wey near dem, e kon
go meet and tok to am for der.
9 Dem kon tell Assyria sojas sey, Egypt sojas wey King Tirhakah for Sudan
dey lead, dey kom attack dem. As di king hear dis tin, e kon send leta go
give King Hezekaya 10 for Judah sey, “Di God wey yu dey trust don tell yu
sey I nor go fit kill yu, but make yu nor let dat one deceive yu. 11 Yu don
hear wetin Assyria king dey do any kountry wey e won distroy. Yu tink
sey yu fit eskape from am? 12 Na my papa dem distroy Gozan, Haran and
Rezef town and dem kill Eden pipol for Telassar and no god fit save dem.
13 Where di king dem wey dey for Hamat, Arpad, Sefarvaim, Hena and
Ivvah town?”

14 Den, King Hezekaya kollect di leta from di messenja, read am kon take
am go put for God altar for di temple, 15 den e pray, 16 "Israel God wey get
pawa; di Pesin wey sidan for where high pass di creatures wey get feadas.
Na only Yu bi God wey dey rule all di kingdoms for dis world. Na Yu kreate
di eart and di sky. 17 Naw, my Oga God, make Yu hear and si wetin dey
happen to us. Make Yu listin to all di tins wey King Sennakerib dey use
take curse Yu wey bi God.

18 "Oga God, all of us know sey, Assyria king don distroy plenty nashons
kon skata dia lands; 19 e burn all dia gods wey nor bi god at-all, bikos dem
bi image wey human being use dia hands make. 20 Naw, Oga wey bi awa
God, make Yu save us from Assyria pipol, so dat all di nashons for di world
go know sey, na Yu bi God."

### *Profet Isaya Message*

21 Den Profet Isaya send message go tell King Hezekaya about en prayer
sey, 22 "God sey, 'Jerusalem town dey laf and play with King Sennakerib.

23 " 'Who yu tink sey yu dey curse and laf since?
Yu nor dey respet mi wey bi Israel God wey dey holy.
24 Yu send yor savant kom boast give mi
sey yu don defeat di highest mountins for Lebanon
with all yor shariot.
Yu dey boast sey yu dey kut di cedars tree wey tall pass
and di cypress tree wey fine pass for der.
Yu still sey yu don rish di place wey far pass for di forest
25 kon dig well and drink betta wota for pipol land.
Yu sey wons yor soja leg tosh River Nile,
di wota go dry at wons.
26 So, yu neva hear sey na so I plan all dis tins since?
And naw, I don do am;
bikos na mi give yu pawa
to take skata all di towns wey dem protet.
27 Doz wey dey stay der nor bin get pawa
and fear dey katch dem.
Dem bi like grass for field or grass
wey dey grow on-top roof wey east wind go soon blow komot.
28 I know evritin about yu; di tins wey yu dey do,
di place wey yu dey go and how yu dey plan against mi.
29 Di way yu dey karry body up and make mout,
don rish my ear and naw,
I go hook yor nose and yor mout
kon take yu go back thru where yu pass kom.' "
30 Den Profet Isaya tell King Hezekaya sey,
"Dis na sign of wetin dey happen.
For dis year and next year,
na food wey grow on en own, una go chop,
but di year wey go follow dat one,
una go plant and chop una food.
Na so too una go plant vine
and chop di grape.
31 Doz wey go survive for Judah,
go grow like plant wey en rut deep well-well

kon produce betta fruit.
32 Pipol go survive for Jerusalem and Mount Zion,
bikos God don sey dis tins must happen.
33 So dis na wetin God tok about Assyria king:
'E nor go enter dis town or shot one arrow against am.
No soja wey karry shield go kom near di town
and dem nor go build anytin take surround am.
34 E go pass di same road wey e take kom go back
and e nor go enter dis town.
Mi, wey bi God, don tok.
35 I go defend and protet dis town,
bikos of my honor and wetin I promise David, my savant.' "

36 So God angel go Assyria kamp for nite kon kill 185,000 sojas. All of
dem die before day break! 37 Den King Sennakerib for Assyria kon go back
to Nineveh.
38 One day wen e dey woship for Nisrok wey bi en god temple,
Adrammelek and Shareza wey bi en sons kon shuk am die with dia swod,
den dem run go Ararat land. En pikin Esarhaddon kon take-ova as king.

# 38

### *King Hezekaya Sick*

1 For dat time, King Hezekaya sick and e don nearly die. So Profet Isaya
go meet and tell am, "God sey make yu range yor propaty well, bikos yu
go die. So make yu dey ready to die."
2 Den King Hezekaya turn face di wall kon bigin pray sey: 3 "Oga God,
make Yu remember sey I dey faithful and loyal as I dey serve Yu. I always
dey do wetin Yu wont make I do." Den e kon bigin kry well-well.
4 So God kommand Profet Isaya sey, 5 "Go back go meet King Hezekaya
kon tell am, 'Mi wey bi yor papa David God don hear yor prayer and si
yor tears; so I go let yu stay for anoda fifteen years. 6 I go save yu and
Jerusalem pipol from Assyria king and I go kontinue to protet di town.'
7 "And dis go bi sign to show sey God go do wetin E promise. 8 For di
place wey Ahaz build, God go make di sun shadow go back ten times." So
di shadow kon go back ten times.
9 Afta King Hezekaya don well, e kon rite dis song take praiz God:
10 E sey, "I feel sey as I don live only half of my life,
I go die and I nor go si di rest of my years again.
11 I bin tink sey, I nor go ever si God
or anybody wey dey alive again for dis world.
12 Dem skata where I dey stay won
kon take my life like tent wey dem pul from groun;
like klot wey dem kut komot from machine.
Yes! I bin tink sey God won end my life.
13 I dey kry evry nite with pain like sey lion dey break my bones,
bikos I tink sey God won end my life.
14 I nor fit shaut and I dey weak kon dey do like dove.
My eyes don taya to dey look heaven.
So God, make Yu save mi from all dis trobol.
15 But wetin I go tok? God don do as E kommand.
All my life, I go dey waka small-small bikos fear dey katch mi.

16 My Oga God wey get pawa,
yor kommand dey give pesin life;
so make Yu give mi life again.
17 Di pain wey I go thru na for my own good.
Yu save my life from all di wahala kon forgive mi my sins.
18 Nobody wey don die go fit praiz Yu.
Pipol wey don die nor go fit know how Yu good rish.
19 Na pipol wey dey life fit praiz Yu,
just as I dey praiz Yu naw.
Papa dem dey tell dia shidren
how Yu dey faithful rish.
20 So Oga God, Yu don heal mi.
I go play harp to take sing and praiz Yu;
I go sing praiz for yor temple as long as I dey alive."

21 Den Profet Isaya kon tell di king, "Make yu melt fig kon put am for di boil for yor body and yu go dey okay."

22 Den King Hezekaya ask, "Wetin bi di sign to show sey I go fit go di temple again?"

# 39

### *Messenja From Babilon*

1 For dat time, King Merodak-Baladan wey bi Baladan pikin, for Babilon
kon hear sey King Hezekaya dey sick since, so e send leta and gifts go
gi-am. 2 King Hezekaya welkom di messenjas kon show dem en propaty,
silva, gold, spices, perfumes and evritin wey en sojas dey use for war. E
nor get anytin for en store room or kingdom wey e nor show dem.

3 Den Profet Isaya go meet King Hezekaya kon ask, "Where dis men from kom and wetin dem wont?"

King Hezekaya ansa, "Dem kom from Babilon wey far well-well."

4 Di Profet ask, "Wetin dem si for di palis?"

Di king ansa, "Dem si evritin, e nor get anytin for di store room wey I nor show dem."

5 Profet Isaya kon tell di king, "God wey get pawa sey, 6 'Time dey kom
wen dem go karry evritin wey yor grand-grand papa dem keep kon rish
naw go Babilon and nor-tin go remain. 7 Dem go still karry some of yor
own shidren-shidren go do slave work for di king palis for Babilon.' "

8 King Hezekaya undastand sey, as long as e dey alive, peace go dey for di town, so e ansa, "Di message wey yu give mi from God so, dey good."

# 40

### *Word Wey Dey Give Hope*

1 Awa God sey, "Make yu konfort my pipol!
Konfort dem well-well!
2 Give Jerusalem pipol heart.
Tell dem sey dem don sofa rish and God don forgive dem dia sins.
Yes! I don ponish dem well-well for dia sins.
3 One vois dey kry sey,
Prepare one road for di wildaness for God!
Make una klear di road for di desert for awa God!

4 God go raiz-up evry valley and E go level evry mountin and hill.
All di bend-bend road go strait and di rof place go smooth.
5 Den God glory go kom out and evribody go si am,
bikos God don tok am with en own mout."
6 One vois dey kry sey, "Make yu prish one message!"
So I ask, "Wish message I go prish?"
Di vois ansa, "Make yu prish sey all men na grass;
let dem know sey dem nor dey last pass flower wey dey bush.
7 Grass dey dry and flowers dey fade wons God send strong breeze go blow dem.
Na so too pipol nor dey last pass grass.
8 Yes, di grass go dry and flower go fade,
but awa Oga God word go dey forever."
9 So Jerusalem, make yu go on-top high mountin.
Make yu prish di good news!
Koll Zion pipol with loud vois,
den announce di good news!
Shaut as yu dey tok and nor fear at-all.
Make yu tell Judah towns sey God dey kom!
10 God wey dey mighty dey kom rule with pawa
and E dey bring di pipol wey E don save with am.
11 E go kare for en animals just as shepad dey do.
E go gada di lamb togeda kon karry dem for en hand;
E go lead and guide dem.

*Israel God*

12 E get anybody wey fit pak wota for hand kon measure am?
Abi who fit measure di sky?
Abi anybody don fit weigh all di san for di eart
or weigh di mountins and hills with skale?
13 E get anybody wey fit tell or tish God wetin E go do?
Abi pesin dey wey go advise God?
14 Who God dey go ask make E for fit undastand
how E go do tins?
15 Si, di nashons nor mean anytin to God,
dem bi like one drop of wota.
Di island wey dey for far nor heavy
rish dust for God hand.
16 All di animals wey dey for Lebanon forest
nor rish to take offa sakrifice for God and all di trees
nor plenty rish to take make fire for di sakrifice.
17 All di nashons nor mean anytin to am at-all.
For God eye, dem nor mean anytin at-all.
18 Who dem go fit use take kompare God?
How yu go fit take diskribe who God bi?
19 E nor bi like juju wey man make
or di one wey doz wey dey karve wood kover with gold or put silva.
20 Pesin wey nor fit buy silva or gold
go use wood wey nor go rust
and e go find who sabi di work
make e help am make image wey nor go skata.
21 Una nor know? Dem neva tell una since?

Una neva hear how di world take start?
22 Na di Pesin wey sidan for di throne, make am.
Di One wey dey on-top di eart and high pass di sky.
Pipol for groun, small like ants for en eye.
E dey stresh di sky like curtain; like tent where pipol dey stay.
23 Na-im dey make rulers rule with pawa
kon still bring dem down.
24 Dem bi like yong plants wey just dey grow
kom out wey pipol rut trowey.
Wen God send en breeze kom,
di flower dey dry and blow komot like grass.
25 Who dem go fit use take kompare God?
E get anybody wey bi like am?
26 Make una look di sky! Who make di stars wey una dey si?
Na-im dey lead dem like sojas.
E know how dem plenty rish and E dey koll all of dem by dia name!
En pawa big well-well and no one among di stars dey miss.
27 So, Israel pipol!
Why una dey komplain sey God nor know una trobols
or kare if una dey sofa at-all?
28 Una nor know? Una neva hear?
God go dey forever. Na-im kreate di whole world.
E nor dey taya or weak.
Nobody fit undastand wetin E dey tink.
29 E dey give strent and pawa
to pipol wey dey weak.
30 Even yong pipol go taya
and strong yong men go kwik too.
31 But pipol wey dey wait for God to kom help dem
go get new strent and pawa.
Dem go fly high like eagle; even wen dem run,
dem nor go taya and wen dem waka,
dem nor go faint.

# 41

### *Wetin God Promise Israel*

1 God sey, "Una wey dey for far land,
make una listin to mi!
Make una kom meet mi
make I give una new pawa!
Make una kom tok to mi;
make wi kom togeda kon setol di matter.
2 Na who raiz di raitious Pesin kom from east
kon make am stand and rule ova nashons and kings?
With en swod, e turn dem to dust and with en bow,
e make dem bi like grass wey breeze dey blow.
3 E porshu and pass dem and e nor wound at-all.
Yes! E dey kom with full speed.
4 So, na who do all dis tins? Na who tok how generashon go bi?
Na mi wey bi God; na mi bi First and na mi bi Last.
5 Pipol from far place si wetin I do and fear katch dem;

di whole eart dey shake; all of dem gada dey kom fight.
6 Dem dey enkourage and tell each oda sey,
'My broda, nor fear; make yor heart strong.'
7 Di karpenters among dem dey enkourage doz wey dey make gold
and di man wey dey karve di juju
dey tell di one wey dey nail am togeda sey,
'I like as yu nail am strong so, bikos e nor go fall.'

### *God Enkourage En Pipol*

8 "But Israel na my savant!
Di pipol wey I choose, wey bi my friend Abraham shidren-shidren;
9 pipol wey I koll and bring back from where di world for end kon sey,
'Una bi my savant. I don choose una and I nor go rijet una.'
10 So make una nor fear, bikos I dey with una!
Na mi bi una God, so make anytin nor make una fear!
I go make una strong kon help una and I go protet and save una.
11 Pipol wey dey vex with una,
go know how pesin dey shame rish wen dem don defeat am.
Pipol wey dey fight against una,
go die
12 and dem go disappear komot from dis eart.
13 Na mi bi di Oga wey bi una God
and I dey enkourage una sey,
'Make una nor fear, bikos I go help una.' "
14 God sey, "Israel pipol, as una small and dey weak rish,
make una nor fear,
bikos I go help una.
Mi wey bi Israel God wey dey holy,
na mi bi di only Pesin wey go save una.
15 I go make una bi like new swod wey get sharp korna.
Una go distroy all una enemies and di mountins
and hills go skata for groun like dust.
16 Una go blow dem and breeze go skata
and karry dem go.
Una go dey happy, bikos na mi bi una God,
den una go praiz mi wey bi Israel God wey dey holy.
17 Wen poor pipol and doz wey dem dey opress dey look for wota
bikos dia trot don dry, den mi,
wey bi God go ansa dem.
Israel God nor go ever abandon dem.
18 I go make river flow from dry hill and wota go flow for valley.
I go turn di desert and di dry land to where wota full.
19 I go make cedar, akacia, myrtle and olive trees grow for di desert.
Forest wey pine, junipa and cypress trees dey,
go grow for dry land where tree nor suppose grow.
20 Pipol go si dis tins and dem go know sey,
na mi wey bi God, do am.
Den dem go undastand sey,
na Israel God wey dey holy, make all dis tins happen."

### *God Nor Wont Juju*

21 God wey bi Israel pipol king sey:

"Di gods for di nashons, make una tok wetin dey una mind.
Make una kom defend unasef!
22 Make una tell us wetin go happen,
so dat wi go know before e happen.
Make una tell us di tins wey una don tok before,
so dat wi go shek dem kon si as dem go take happen.
Abi una go tell us about
wetin go happen for future?
23 Make una tell us how di future go bi,
den wi go know sey una bi god!
Make una do sometin wey dey good or wey dey bring wahala.
Make una do tins wey go make us fear!
24 Una with evritin wey una dey do, nor mean anytin.
Na yeye pipol dey woship una!
25 I don choose one pesin from east,
I go bring am kon attack una from di nort
and e go mash una just as pesin wey dey mold tins,
dey mash klay.
26 Make wi know who tok am before e happen,
so dat wi go know sey di pesin dey rite?
True-true, nobody among una tok am!
True-true nobody among una sey na so e go bi!
True-true, nobody even hear wen una dey tok!
27 Na mi God first tell Zion sey,
'Dis na wetin go happen.'
I send betta news go Jerusalem sey, 'Una pipol dey kom!
Dem dey kom house back!'
28 Wen I look all di gods, no one get anytin to tok;
no one among dem fit ansa di kweshon wey I ask dem.
29 All dis gods dey yuzles; dem nor fit do anytin at-all.
Di juju dem dey weak and konfuse and dem nor get pawa at-all."

# 42

*God Savant*

1 God sey, "Na my savant wey I give pawa bi dis;
di pesin wey I choose
and I dey happy with am.
I don put my Spirit inside am
and e go judge di nashons well.
2 E nor go shaut or make nois
or dey tok waka for strits.
3 E nor go break di wood wey bend
or lite lantan wey nor good.
En good judgement go dey di whole world forever.
4 E nor go luz hope or start to fear.
E go bring betta judgement kom evriwhere for di world
and pipol for far-far land,
dey wait make E kom tish dem."
5 God wey kreate heaven kon stresh am out,
wey make di eart and evribody wey dey inside,
di Pesin wey give life to di pipol wey dey di eart

and spirit to doz wey dey waka inside sey,
6 Na mi wey bi God choose yu to show as I good rish.
I go hold yor hands kon guide yu
and I go give yu to my pipol Israel,
just to fulfil my kovenant.
And yu go bi lite to guide oda nashons.
7 Yu go open blind pipol eyes,
save doz wey dey darkness and free doz wey dey prison.
8 Na mi bi God and na my name bi dat;
I nor go share my glory with anybody
or let juju follow mi share my praiz.
9 "True-true, di tins wey I bin tok,
don happen naw.
So, I go tell una new tins naw,
even before dem go start to happen."

### *Praiz Song*

10 Make una sing new song to God!
Make evribody for di world sing praiz God.
Una wey dey drive on-top di sea
and evry oda tins wey E kreate for inside,
make una sing praiz am.
All di far land and doz wey dey der,
make una praiz am.
11 Make all di desert and en towns praiz God;
Make Kedar pipol praiz am!
Make doz wey dey stay for Sela town
shaut dey happy on-top di mountins!
12 Make di pipol wey dey stay far,
give God praiz and glory kon tok as E good rish!
13 God dey go fight war like strong soja;
E dey ready to fight.
E go shaut. Yes!
E go shaut for war kon distroy and win en enemies.

### *God Promise To Help*

14 God sey,
"I kwayet since and I nor ansa my pipol,
but di time to tok, don rish.
Just as woman wey won born dey shaut,
na so too I dey shaut naw.
15 I go distroy di hills and mountins
kon make di grass and trees dry.
I go turn di river to desert
kon dry all di place wey wota from dey flow.
16 I go lead doz wey nor dey si,
pass di road wey dem neva travel pass before.
I go turn dia darkness to lite
kon make rof road smooth for dem.
Dis na wetin I promise and I go do dem;
I nor go fail.
17 But for all of una wey trust juju,

wey dey koll image una gods,
dem go sofa and disgrace una."

*Israel Nor One Learn*

18 God sey,
"Una wey nor dey hear word,
make una listin!
Una wey nor dey si,
make una look well-well!
19 E get anybody wey blind pass my savant
or deaf pass di messenja wey I send?
20 Israel pipol, una don si many tins,
but wetin dem mean to una?
Una get ear to take hear,
but wetin una don really hear?"
21 God wont make dem know how E dey judge thru en raitiousness
and how E dey show am.
22 But naw, dem don tif all en pipol tins;
lock dem undagroun kon hide dem for prison.
Dem tif from dem kon karry all dia tins komot
and nobody dey to save dem.
23 Naw, who among una go gri listin to dis tin?
From naw go, una go gri listin with kare?
24 Who sell Israel give di tif dem?
Na God ensef wey wi sin against!
Wi nor dey live awa life just as E wont
or obey wetin E tish us.
25 So E make us si how E dey vex
kon make us sofa di pains.
En vexnashon dey burn like fire for evriwhere for Israel,
but wi nor know wetin bin dey happen
and wi nor still learn anytin from am.

# 43

*God Promise To Save Israel*

1 Naw, God wey kreate una sey,
"Make una nor fear, I go save una.
I don koll una by una name and una bi my pipol!
2 Wen una dey pass thru deep wota,
I go dey with una.
Una go fit handle any wahala wey kom una way.
Wen una pass thru fire,
e nor go burn una.
Di temptashon wey go kom,
nor go too hard for una.
3 Bikos na Mi bi di Oga wey bi una God.
Israel pipol God wey dey holy, wey save una.
I go sell Egypt, Sudan and Seba pipol,
so dat una go dey free.
4 I go give out many nashons,
so dat una go dey save.

I value una well-well
and I love and honor una.
5 Make una nor fear,
bikos I dey with una!
I go bring una pipol from east
and west kom house back.
6 I go tell di nort make dem let dem go
and di sout nor go hold dem for der.
Make my pipol kom
from evriwhere for di world.
7 Dem bi my own pipol and I kreate dem,
so dat dem go give mi glory."

### *Israel Na God Witness*

8 God sey,
"Gada my pipol togeda.
Dem get eyes, but dem nor dey si.
Dem get ear, but dem nor dey hear!
9 Make all di nashons gada togeda
and make dem bring di pipol kom:
Wish one of dia gods go fit tok wetin go happen for future?
Who among dem bin tok wetin dey happen naw?
Make dem bring dia witness wey go sey dem dey rite
or di pipol wey go kon tell us sey dem tok di trut.
10 Israel pipol, na una bi my witness.
I choose una as my savants,
so dat una go know, bilive and undastand
sey na mi bi di only God.
E nor get any oda god wey dey apart from mi.
E neva dey before and e nor go ever dey.
11 Yes! Na only mi bi God;
di only One wey dey save una.
12 I first tok wetin go happen and den,
I kom save una and know oda god don do like dis before.
Yes! Na una bi my witness.
13 Even before I kreate di day,
I bi who I bi and nobody fit eskape from my pawa.
Na who fit shange or skata wetin I don do?"

### *God Go Distroy Babilon*

14 Israel God wey dey holy, wey save una sey,
"Bikos of una, I send sojas go Babilon
kon break di town gate
and di pipol happiness kon turn kry.
15 Na mi bi una God wey dey holy.
Israel pipol, na mi kreate una and na mi bi una king."
16 God wey make road pass di sea and where wota dey,
dis na wetin E tok.
17 Di One wey lead strong sojas go distroy Babilon,
dia shariot and dia sojas.
Dem fall for groun and dem nor go raiz again;
dem dey go up like smoke wey dey kom out from lantan!
18 But God sey,

"Make una nor tink about wetin dey happen
or put una mind for wetin don happen before.
19 But naw, I go do new tin;
e go happen and una go si am!
I go make road for di wildaness
kon give una plenty wota for der.
20 Even bad animals go honor mi;
jackals and ostrich go praiz mi
wen I go make river flow for di desert,
so dat di pipol wey I choose go get wota to drink.
21 Na mi form dis pipol for mysef
and dem go sing praiz mi!"

*Israel Sin*

22 God sey,
"Israel pipol, una bin taya for mi;
una nor gri woship mi.
23 Una nor offa sheep for mi as ofrin;
una nor gri honor mi with una sakrifice.
I neva force una to serve mi with una ofrins
or force una to give mi incense.
24 Una neva buy any incense for mi
or give mi di fat for una animal as ofrin.
Yet una dey wahala mi with una sins
kon make mi dey vex bikos of una yeye ways.
25 But na mi wey bi God still dey forgive una sins
and I do all dis tins, bikos of who I bi!
I nor go kount una sins against una.
26 Make una remind mi of di good wey una do;
make wi tok di matter togeda;
make una tok as una take good.
27 Una grand-grand papa dem wey dey before,
kommit sin.
Una leaders sin against mi
and una rulers stain my temple with blood.
28 So I bring wahala kom Israel;
I do am,
so dat dem go curse and ponish my pipol."

# 44

*God Go Bless Israel*

1 God sey,
"Make una listin, Israel pipol wey bi my savant
and Jakob shidren-shidren wey I choose."
2 Dis na wetin God tok,
"Na mi kreate and form una for una mama belle kon help una,
so make una nor fear,
bikos una bi my savant;
di pipol wey I choose and love.
3 I go give una wota for dry land
kon make wota flow pass where wota nor dey.

I go put my Spirit for una shidren body
kon bless una shidren-shidren.
4 Dem go grow like grass for di field,
like tree wey dey where wota dey flow pass.
5 Den, one among dem go sey,
'I bi God own.'
Anoda one go sey
'I bi Jakob pikin.'
and anoda one go rite God name
put for en hand kon sey,
I dey among God pipol
and my name na Israel."
6 God wey dey rule and protet Israel pipol;
di Pesin wey get pawa sey,
"Na mi bi di First and di Last;
e nor get any oda god apart from mi
wey bi di Almighty God.
7 E get anybody wey bi like mi?
Make e tok am!
Make e kom out kon make mout for my front
about wetin don happen since I kreate dis world
and wetin go still happen!
Yes, make e tok wetin go happen.
8 So my pipol, make una nor fear or shake!
Una know sey from biginnin kon rish naw,
I always dey tok di tins wey go happen
and una bi my witness.
E get any oda god apart from mi?
E nor get any oda god, wey get pawa.
I neva si or hear about any one?

### *To Serve Juju Na Sin*

9 "Pipol wey dey make juju nor mean anytin
and di juju wey dem tink sey dey give dem happiness,
nor mean anytin at-all.
Di pipol wey dey serve di juju nor dey si
and dem nor know anytin;
so na shame and disgrace go follow dem.
10 Na only fool go make en own god
– yeye god wey nor go fit help or fight for am.
11 Si, shame go follow evribody wey dey woship dat god,
bikos na human being make am.
So make dem kom make wi judge di kase,
den una go si sey,
fear go katch dem and dem go disgrace demsef.
12 Blacksmit dey melt iron for fire.
E go nak am with hammer until e get di shape wey e wont
and na en strong hand e take dey make am.
Wen e hongry, e go kon weak.
If e nor si wota drink, e fit faint.
13 Na so too, karpenter dey measure wood
kon draw as e wont make e bi,
den e go karve am like human being

and put am for en shrine.
14 E kut cedar tree,
kollect oak or cypress tree and oda tree from forest.
E plant cedar seed
and rain kon make am grow,
15 den pesin go kut and take am
make fire kon warm ensef.
Yes! E go make fire from am
kon bake bread too!
E still use some take make juju
kon woship and bow to am.
16 E use some of di wood
take make fire and roast meat chop beleful.
Den e go warm ensef kon sey,
'My body dey warm bikos of di heat from di fire!'
17 Den e use di wood wey remain take make juju kon bow woship and pray gi-am sey, 'Na yu bi my god, so make yu kom save mi!'
18 Dis pipol nor get sense and dem nor know wetin dem dey do, bikos dem don klose dia eyes and mind against di trut.
19 Dem nor tink or rizin sef sey, 'I dey burn some of di wood take bake bread and roast meat chop. Yet, I dey use dis same wood make juju and woship am?'
20 E just bi like sey dem dey chop ashes. Di foolish tins wey dem dey tink don deceive dem and dem nor fit help demsef again or tell demsef sey, 'Nor bi lie-lie God wi dey serve so?' "

### *God: Di Creator And Savior*

21 God sey,
"Israel pipol, make una remember sey una bi my savant
and I nor go ever forget una.
22 I don remove una sins komot like sey na tick kloud.
So make una turn kom meet mi,
bikos na mi bi di Pesin wey save una."
23 Heavens, make una shaut dey happy!
All di deep part for dis eart,
make una shaut well-well!
Make mountins and evry tree for di forest, shaut too,
bikos God protet Israel pipol kon show how E great rish.

### *God Bless Cyrus*

24 Dis na wetin God wey save una,
di Pesin wey form una for una mama belle dey tok:
"Na mi bi God wey kreate evritin.
Na only mi stresh di heavens kom out
kon design di eart as I wont.
25 Na mi dey fool pipol wey dey si vishon
kon make dia work taya dem.
I dey shange wise pipol advise to anoda tin
kon turn dia wisdom to foolishness.
26 But wen my savant tok wetin go happen;
wen I send my messenjas go tell una wetin I plan,
I dey make doz plans, happen.
I tell Jerusalem sey pipol go stay for der again

and dem go ribuild Judah town.
Even doh dem skata am before,
I go raiz am up again.
27 Na mi kommand di sea
make e dry and e dry own.
28 Na mi tell Cyrus sey,
'Na yu bi di pesin wey go rule;
yu go do wetin I wont make yu do.
Yu go orda make dem build Jerusalem again
kon ribuild di Temple.' "

# 45

*God Use Cyrus*

1 Dis na wetin God tell Cyrus wey E choose,
wey go use en rite hand distroy nashons,
remove kings from pawa
kon open gates so dat dem
nor go klose am again:
2 "I go-go for yor front kon make hills and mountins smooth.
I go break bronze gates kon skata dia iron protetor.
3 I go give yu betta tins
wey dem hide for dark and sekret place.
Den yu go know sey, na mi bi God!
Israel pipol God, wey koll yor name.
4 I koll yu bikos of Jakob shidren-shidren
wey bi my savant
and Israel pipol wey I don choose.
I don give una great honor,
even doh una nor know mi well.
5 Na mi bi God, no oda god dey wey bi like mi.
I give una pawa, even doh una nor know mi well.
6 I do dis tins make evribody for di world,
from one end go rish di oda,
know sey na mi bi God
and e nor get anoda god wey bi like mi.
7 Na mi kreate both lite and darkness;
di Pesin wey dey bring blessing
and wahala and na mi wey bi God,
dey do all dis tins.
8 I go send viktory kom from di sky like rain,
so make di eart open and receive am;
so dat salvashon and korrect judgement,
go grow.
Mi, wey bi God,
go make dis tins happen."

*Warnin*

9 E nor go betta for di pesin wey dey argue with di Pesin wey kreate am!
Pesin wey bi like ordinary pot
for where oda pots dey for groun.
Klay fit tell who dey use am sey,
"Wetin yu dey do?"

Abi di pot wey yu dey make fit sey,
"Yu nor know work at-all?"
10 E nor go betta for pikin
wey ask en papa and mama sey,
"Wetin una tink sey una born so?"
11 Di Oga wey bi Israel pipol God wey dey holy;
di Pesin wey dey make awa future betta, don sey,
"Yu nor get rite to kweshon mi about my shidren
or tell mi wetin I go do!
12 Na mi bi di Pesin wey kreate di eart
and na mi kreate di pipol wey dey stay inside.
Na my pawa I take stresh di heavens out
kon kontrol di sun, moon and di stars.
13 I go make Cyrus take akshon,
I go make all en road strait.
E go ribuild my town kon free my pipol
wey dem karry go anoda land
and nobody go pay or bribe am."
Dis na wetin God tok.

14 God tell Israel pipol sey,
"Egypt, Sudan and doz tall pipol for Seba
with evritin wey dem get,
go bi una own.
Dem go waka follow una with shains for dia leg;
bow for una kon beg dey sey,
'True-true, God dey with una
and e nor get anybody wey bi like am.
Yes! E nor get any oda god.' "
15 True-true, na Yu bi Israel God and Savior
and Yu bi God wey nor dey show yorsef.
16 Pipol wey dey make juju,
go shame and disgrace go follow dem.
All of dem go waka go with disgrace.
17 But God go save Israel
and dia viktory go bi forever.
Nobody go ever disgrace God pipol again.
18 God wey kreate di heavens and di eart sey,
na-im still bi God!
Na mi kreate di eart well and I nor kreate am to dey empty,
but na for pipol to stay.
E sey, "Na mi bi God
and e nor get anoda one.
19 I nor dey tok for sekret
or for di dark place for di eart.
I neva ever sey,
'Jakob shidren just dey follow mi for nor-tin.'
Mi wey bi God dey tok di trut.
Yes! I dey tok wetin dey rite."
20 God sey,
"Una wey survive for di nashons,
make una gada kom!
Pipol wey dey waka for evriwhere

with di wood juju wey dem dey serve
kon dey pray give oda gods wey nor fit save dem,
nor know anytin at-all!
21 So make una kom tok una kase;
make una judge for unasef!
Who don fit tok sometin and e happen?
Nor bi mi bi God wey dey save pipol?
No oda god dey apart from mi wey bi God
and wey dey save una.
22 Make evribody for di world turn
kom meet mi naw and una go dey save,
bikos na mi bi di only God wey dey.
23 Wetin I promise una,
na true and nobody go fit shange am.
Evribody go kom knee down for my front
den promise sey dem go respet and obey mi.
24 Dem go sey, 'Yes! Na only God get pawa to save pipol
and anybody wey hate am,
na disgrace go follow dem.'
25 Dem go bless and praiz Israel pipol,
bikos of di Oga awa God."

# 46

*Babilon Juju*

1 "Bel and Nebo town don fall.
Dem pak dia juju on-top donkey and naw,
di juju too heavy for di donkey to karry.
2 Di juju wey stand before don fall;
dem nor fit save diasef
and dem don karry di juju dem go as slave!
3 So Jakob shidren-shidren, make una listin;
una wey remain for Israel,
pipol wey I dey kare for,
since dem born una.
4 Even wen una don old kon get white hair,
I go still dey kare for una.
Na mi kreate una,
so I go support, help and save una."
5 God sey,
"Na who una fit take kompare mi?
Make una tell mi,
abi e get anybody wey fit bi like mi?
6 Pipol dey pour gold from dia bag
kon measure dia silva.
Dem go hire pesin wey go use di gold
make juju for dem and den,
kon woship am.
7 Dem go karry am for dia shoulder dey waka
kon go put am for where e go dey.
E nor go fit komot

for where dem put am.
Even wen pesin pray to am,
e nor go fit ansa
or save di pesin from wahala.
8 Una wey dey tok against God,
make una remember
and tink of all wetin God don do.
9 Make una remember wetin happen before-before!
Na mi bi God and e nor get any oda god.
Yes! Na mi bi God and nobody bi like mi.
10 I know di end from di biginnin
and na from wen I kreate di world I don dey tok tins
before dem happen.
I sey na as I plan am,
na so e go bi and I go do am as I wont am.
11 I koll one eagle kom from east;
from one far land,
di one wey dey kom do wetin I plan.
Just as I tok, na so e go bi
and wetin I plan, must happen.
12 So, una wey sturbon and nor dey do di rite tin,
make una listin to mi.
13 I dey kom judge
and diliver my pipol.
E nor go tey again
and di time to save dem don near.
I go save Jerusalem
kon honor Israel pipol."

# 47

*Dem Judge Babilon*

1 "Babilon, kom down from yor throne
and sidan for groun!
Bikos from naw go,
nobody go ever sey yu dey soft and tenda again.
2 Karry grindin stone kon bigin grind korn!
Remove di klot wey yu take kover face
and pul yor fine klot komot,
den make yu pak yor skirt up
as yu dey cross di river!
3 Pipol go si yor nakednes
and shame go katch yu well-well,
bikos I go revensh and I nor go sorry for yu."
4 Awa Savior – di Oga God wey dey lead heaven sojas,
naim bi en name;
di Holy One for Israel.
5 "Babilon, sidan for darkness and make yu kwayet,
bikos pipol nor go koll yu kween again!
6 I bin dey vex for my pipol
and na dat make mi allow yu attack dem;
but yu nor sorry for dem at-all

and yu even dey ponish di old pipol among dem.
7 Yu sey, 'I go bi kween forever.'
But yu nor tink about dis tins or tink about wetin go happen.
8 Naw, make yu listin,
yu wey dey enjoy yorsef
kon tink sey yu dey save and sikure.
Yu tell yorsef sey,
'I too mush and nobody bi like mi.
My husband or shidren
nor go ever die.'
9 But dis tins go happen to yu at wons;
yor shidren and husband go die for di same day
and yor majik nor go fit help yu.
10 Yu trust yor wikedness kon sey,
'Nobody dey si mi.'
Yor wisdom and di sense wey yu get
dey deceive yu wen yu sey,
'I dey special and nobody bi like mi.'
11 So, wahala go kom meet yu
and yor majik nor go fit help yu.
Wahala wey yu nor espect,
go happen to yu at wons!
Even trobol wey yu nor tink of,
go rush kom meet yu like wota.
12 Naw, make yu dey use yor majik well-well;
majik wey yu dey use since dem born yu.
May bi e fit help yu
or yu fit use am porshu trobol!
13 Even all di many advise wey dem advise yu
don make yu weak well-well.
Yor pipol wey dey read di star
and doz wey dey tok as weda go bi,
make dem kom out kon save yu
from wetin go soon happen to yu.
14 Si! Dem bi like grass
wey fire burn trowey!
Dem nor even fit save demsef,
from di fire wey too hot for dem.
Wen di weda kold, dem nor get fire
to take warm demsef
or di one dem go sidan near.
15 All yor friends wey use dey do business with
since yu bi small pikin,
go turn leave yu
and nobody go kom help yu."

# 48

*Na God Bi God*

1 Jakob shidren-shidren, make una listin to mi.
Una wey bi Israel pipol wey kom from Judah tribe:
pipol wey swear with God name sey,

“Na Israel God wi dey woship,”
but una nor mean wetin una dey tok.
2 Una wey sey una kom from di holy town
and dey put una hope for Israel God
wey bi di Mighty God.
3 God sey,
“I dey tok about di tins wey go happen before e happen.
Den na wons I do dem and dem kon happen.
4 Bikos I know how una sturbon rish;
una neck strong like iron
and una head bi like bronze.
5 So, I don tell una about dem since,
even before dem happen,
I don tell una, so dat una nor go sey na una juju
and image make dem happen.
6 Una don hear and si evritin
wey I tok sey go happen.
Una go fit deny sey I nor tell una before?
From naw go, I go tell una new tins wey go happen,
wey una neva hear or know about before.
7 I just kreate dem naw,
nor bi tins wey dey before
and una neva hear about dem until today.
So una nor go fit sey,
‘Yes! Wi know about dem before!’
8 Una nor dey hear or undastand;
na since dem born una,
una ear block.
Yes, I really know how una wiked and sturbon rish
and na wiked pikin dem dey koll una since dem born una.
9 But bikos of my name,
I nor gri ponish una;
bikos of my praiz,
I nor gri distroy una at-all.
10 Naw, make una si as I don klean una
and nor be like silva;
but na betta sofa and wahala
I take test and klean una.
11 Na bikos of mi, I dey do am.
Yes! I dey do all dis tins bikos of mi.
I nor go fit let una spoil my name.
I nor go let anybody share my glory with mi.
12 Jakob shidren-shidren,
make una listin to mi!
Israel pipol wey I don koll, na mi bi God:
na mi bi di first and na mi still bi di last.
13 Na my own hand I take make di eart foundashon
kon spread di heavens with my rite hand
and wen I koll dem,
all of dem dey stand kom togeda.
14 So, make all of una gada kon listin to mi!
Wish one among una juju don tell una all dis tins before?

Di sojas wey God choose
go do wetin E plan against Babilon.
15 Mi! Yes mi, wey bi God, don tok; yes I don koll am,
I go bring am kom
and e go do wetin I tell am
sey make e do, well.
16 So make una kom near mi
and listin to wetin I dey tok:
'Since I start to tok, I nor hide dey do am;
so wen e go happen, I go dey here.'
And naw, Oga God wey get pawa
don send mi with en Spirit.
17 God wey save una,
di Pesin wey dey holy for Israel, dis na wetin E tok:
'Na mi bi di Oga una God,
di Pesin wey dey tish una wetin dey good.
Di One wey dey show una di road
wey una go follow.
18 If to sey una just gri listin to my kommand,
una peace for bi like river
and una raitiousness for bi like wave for sea.
19 Una shidren-shidren for plenty like san-san,
like korn wey dem nor go fit kount;
nobody go fit remove dia name or distroy dem from my present.'
20 So naw, make una komot from Babilon,
make una run komot from der!
Make una shaut with joy as una dey tok about am.
Make una tell evribody for di world sey,
'God don save Jakob en savant.'
21 Wota nor hongry dem wen E take dem pass di desert;
E tear rock open,
Yes! E make wota flow kom out from di rock.
22 Oga God sey,
'Wiked pipol nor go ever get peace.' "

# 49

*God Savants*

1 Una wey dey stay for far-far land,
make una listin to mi!
Before dem born mi,
God don koll mi.
Wen I dey my mama belle,
God don already know my name.
2 E make my words sharp like swod
and betta arrow wey E fit use anytime
kon hide and protet mi with en hand.
3 E tell mi sey, "Israel, yu bi my savant
and pipol go praiz mi, bikos of yu."
4 So I ansa, "I don work well-well,
yet my work nor mean anytin!
I use all my pawa,

but I nor gain anytin."
But I still bilive sey,
God go defend and reward mi
for evritin wey I don do.
5 And naw, Oga God sey,
na mi kreate and form yu
from yor mama belle as my savant,
so dat yu go bring Jakob,
my pipol kom back to mi kon gada Israel togeda.
Dis na bikos Oga God don honor mi
and na-im bi my strent.
6 God tell mi, "My savant, I get big work for yu;
yu nor go only make Israel pipol wey survive, great again,
but I go still make yu di lite for di nashons,
so dat all di world go dey save."
7 God wey bi di Holy One and di Pesin wey save Israel;
di Pesin wey wi dey sin against;
wey dey serve rulers, dis na wetin E tok,
"Kings go si yu kon stand, prince go bow down,
bikos of God wey dey good
wey bi di Holy One for Israel and naim choose yu."

### *Jerusalem Kom Back*

8 God tell en pipol sey,
"Wen di time don rish to save una,
I go favor and ansa una wen una kry for help.
I go guide and protet una
kon make kovenant with evribody thru una.
Una land wey skata and wey dirty bin full,
I go klean am kon make una stay der again.
9 I go tell doz wey dey prison sey,
'Make una kom out!'
And doz wey dey for darkness,
'Make una kom enter lite!'
Dem go bi like sheep wey dey chop grass for hill.
10 Food and wota nor go hongry dem again.
Sun and desert heat nor go burn dem again,
bikos na di pesin wey love dem, go lead dem.
E go lead dem go where wota for dey flow.
11 I go turn all my mountins to betta road
kon prepare road for di hills,
so dat my pipol go fit travel pass.
12 Si, my pipol go kom from far;
some from nort, west and from Egypt wey dey sout."
13 So heavens make una shaut for joy!
Eart, make una shaut dey happy!
Make di mountins bigin sing,
bikos God go konfort en pipol
kon sorry for di ones wey dey sofa.
14 But Jerusalem pipol sey,
"God don abandon us!
Di Oga awa God don forget us."

15 Den God ansa,
“E get any woman wey fit
forget en own pikin wey e born?
But even if mama fit forget dia pikin,
I nor go ever forget una.
16 Si, I don rite una names for my hand,
una face go always dey my mind.
17 Make una shidren hurry kom.
Make doz wey dey distroy, run from una.
18 Make una look round
kon si wetin dey happen!
Make all una sons gada kom meet una!
Naw God dey sey, as long as una shidren dey alive,
dem go bi like pomade for una body;
una go wear dem like di gown wey woman wey won marry dey wear.
19 Una kountry skata and evribody bin run komot der,
but naw, e go dey too small for una pipol.
And doz wey leave una wen una dey face wahala,
God go remove dem from una forever.
20 Di shidren wey dem born wen una dey sofa,
go tell una one day sey,
‘Dis land too small,
wi wont more house wey wi go stay!’
21 Den una go tell unasef sey,
‘Who give us all dis shidren?
Wi know sey dem kill awa shidren
kon karry di rest go as slave.
Na only wi dey,
so where all dis shidren from kom?
Na who born dis shidren?
Who train dem for us?’ ”
22 Awa Oga God tell en pipol sey,
“Si, I go lift my hand to di nashon
kon tell di pipol my laws;
dem go karry una shidren kom with dia hand
kon put una dotas for dia shoulder.
23 Kings go bi like una papa
and kweens go bi like una mama.
Pipol go bow
dey honor una with respet.
Den una go know sey na mi bi God,
bikos I nor go disgrace anybody
wey dey wait make I help am.”
24 So na who go fit seize wetin soja karry
kom from war?
Una fit go release doz wey strong men katch?
25 But dis na wetin God tok:
“True-true, dem go release doz wey dey prison
and dem go seize wetin strong men karry kom from war.
I go fight with anybody wey fight with una
kon save una shidren.
26 I go make pipol wey dey opress una,

chop dia own flesh;
dem go drink dia own blood like wine.
Den evribody go know sey mi,
wey bi God,
na-im bi di Pesin wey save and free una.
Dem go know sey,
na mi bi di mighty God for Israel."

# 50

### *God Help En Savant*

1 Dis na wetin God tok:
"Una tink sey I drive my pipol komot
like man wey drive en wife komot en house?
Where di leta wey I take drive una mama?
Una tink sey I sell una as slave like man wey sell en shidren?
No! Una bi slave, bikos of una sins
and dem karry una komot from una land,
bikos of di bad-bad tins wey una do.
2 Why my pipol nor ansa wen I go meet dem
sey I go save dem?
Why dem nor ansa wen I koll dem?
I nor get pawa rish to save dem?
But I fit kommand di sea make e dry
kon turn river to desert, so dat di fish dem go die.
3 I fit kover di sky with darkness
kon make am wear sak like who dey mourn."

### *God Savant Wey Dey Obey*

4 God wey get pawa don tish mi wetin I go tok,
so dat I go fit make pipol wey dey weak, strong.
Evry morning, I dey-dey happy to hear
wetin God dey tish mi.
5 God don make mi undastand well-well
and I neva tok anyhow or turn from am.
6 I dey open my back to pipol wey dey beat mi.
I nor dey stop dem wen dem dey curse mi;
even wen dem dey pul di hair wey dey my face komot.
7 But dia curse nor dey pain mi
and bikos God wey get pawa dey help mi,
I dey fit bear dem.
I know sey dem nor go fit disgrace mi,
8 bikos God dey near and E go show sey,
I dey innocent.
So, e get anybody wey go fit komplain about mi?
Den, make wi go kourt togeda!
Make e kom tok wetin I do!
9 Na God wey get pawa, help mi,
so who go fit sey I dey guilty?
All di pipol wey dey akuiz mi go disappear,
dem go vanish like klot wey dey fade.
10 All of una wey dey respet God

and obey en savant words,
di road wey una dey waka fit dey dark,
but make una trust una Oga God!
Make una put hope for una God.
11 All of una wey dey plan to distroy oda pipol,
na una own plan go distroy una.
God ensef go make dis tins happen
and una go sofa well-well.

# 51

*Dem Konfort Jerusalem*

1 God sey, “Una wey wont make dem save una;
una wey dey kom meet mi make I help una.
Make una tink of di Rock wey una from kom,
di place where dem from kut una from.
2 Make una tink of Abraham,
una grand-grand papa and Sarah wey born una.
Wen I koll Abraham, e nor get pikin,
but I bless and gi-am shidren
kon make en shidren-shidren, plenty.
3 I go sorry for Jerusalem
and evribody wey dey stay di land wey dem skata.
Even doh en land na desert, I go turn am to gardin
and e go bi like Eden gardin.
Joy and happiness go dey der
and dem go sing songs take praiz and tank mi.
4 My pipol, make una listin to mi!
Make una listin to wetin I dey tok:
I dey tish di nashons and my laws go bring lite to dem.
5 I go kom save dem kwik-kwik,
bikos my time to win, don near.
Mi mysef go rule all di nashons.
Di lands wey dey far dey wait make I kom;
dem dey wait with hope make I kon save dem.
6 So make una look heaven and eart!
Di heavens go vanish like smoke,
di eart go tear like old klot and all en pipol go die like fly.
But wen I diliver am, e go last forever.
My viktory, na di final one.
7 Pipol wey know wetin dey rite,
wey put wetin I dey tish dem for dia heart,
make dem listin to mi.
Make dem nor fear wen pipol dey curse dem.
8 Dem go vanish like klot wey ant chop!
But wen I diliver una, e go last forever;
my viktory go last forever.”
9 Oga God, make Yu raiz-up kon help us!
Save us with yor pawa.
Make Yu use yor pawa,
just as Yu dey do before.
Di monsta wey dem dey koll Rahab wey dey di sea,

na Yu kut am to pieces.
10 Na Yu dry di sea kon make road for inside wota,
so dat di pipol wey Yu won save,
go fit waka pass for dry groun.
11 Doz wey Yu don save go rish Jerusalem with joy,
dem go dey sing and shaut with happiness.
Dem go dey happy
and dey free from sorrow forever.
12 God sey, “Na mi dey give una pawa.
So why una dey fear ordinary men
wey nor go last pass grass?
13 Una don forget God wey make una;
di Pesin wey stresh heaven kon make di eart foundashon?
Why una dey always fear pipol wey dey opress una;
doz wey ready to distroy una?
But naw, una nor go fear dem again.
14 Dem go soon free pipol wey dey for prison;
dem go get long life and honga nor go kill dem.
15 Na mi bi di Oga wey bi una God,
I dey shake di sea kon make di wave shaut.
My name na God wey get pawa!
16 I stresh heaven kon make di eart foundashon!
I tell Jerusalem,
‘Una bi my pipol!
I don tish and protet una with my hand.’ ”

### *Jerusalem Sofa Don End*

17 Jerusalem, make una wake-up!
Make una karry unasef up!
Una don drink from di ponishment cup wey God give una,
bikos E dey vex.
Una drink am and e dey make una stagga.
18 Nobody dey wey go lead una;
nobody among una pipol go hold una for hand.
19 Wahala don fall for una head;
war don skata una land and una pipol dey hongry.
E nor get anybody wey go sorry for una.
20 Una shidren dey fall and faint street,
bikos dem don weak;
dem bi like animal wey hunta net katch.
Dem don si how God vexnashon dey bi.
21 Jerusalem pipol wey dey sofa,
una wey dey stagga like sey una don drink,
22 di Oga wey bi una God dey defend una naw sey,
“I dey take di cup wey I give una with vexnashon.
Una nor go drink di wine wey
dey make una stagga again.
23 But I go gi-am to pipol wey dey opress una;
doz wey dey make una liedan for street
kon waka on-top una like sey una bi dirty.”

# 52

*God Go Save Jerusalem*

1 Jerusalem pipol, make una dey great and strong again!
God holy town, make una wear pride like klot!
Pipol wey nor know God nor go enter una gate again.
2 Jerusalem pipol, make una shake unasef
kon dey free!
Make una stand up from dirty kon sidan for una throne!
Zion pipol, make una luz di shain wey tie una!
3 God wey get pawa dey tell en pipol sey,
"Wen una bi slave,
dem nor pay any money take buy una,
na so too, dem nor go pay anytin to take free una.
4 Wen una go stay for Egypt as strenja,
na una own mind una take do am;
even doh, Assyria pipol use force karry una komot,
dem nor still pay anytin for una head.
5 Di same tin don happen naw for Babilon,
una don bi slave and dem nor pay anytin for una head.
Pipol wey dey rule una dey make mout
and dem dey always use my name make yeye.
6 But di time dey kom wen una go know
sey na mi bi God and I don tell una."
7 Si as e dey good to si messenja
wey dey kom give una peace and good news from di mountins!
E dey announce sey una don win
kon tell Zion pipol sey, "Una God na king!"
8 Pipol wey dey guide di town,
dey shaut as dem dey happy,
bikos dem don si sey God dey kom back to Zion.
9 Jerusalem wey dem skata,
make una shaut dey happy,
bikos God go save en pipol
kon give dem peace.
10 God go use en holy pawa take save en pipol
and di whole world go si am.
11 All of una wey dey karry di temple tins,
make una know sey God go save una from Babilon.
So make una nor tosh anytin wey dem dey forbid;
make una make unasef holy,
so dat una nor go die.
12 Una nor go hurry komot dis time,
or try to eskape,
bikos di Oga wey bi una God,
go lead and protet una for evry side.

*Savant Wey Dey Sofa*

13 God sey, "My savant go get wetin e dey find;
dem go honor am well-well.
14 Pipol go sopraiz wen dem si am,
bikos dem bin beat am well-well

and e nor bi like human being again.
15 But naw, many nashons go happy for am
and kings nor go fit tok anytin.
Dem go si and undastand di tins
wey dem neva hear before."

# 53

*Evry Pesin Na Sina*

1 "Na who go bilive di message wey wi dey hear naw?
Na who don si God hand for dis matter before?
2 My savant grow like seed wey dem plant for dry groun.
E nor even get beauti or respet wey go make us notis am.
3 Pipol rijet am and dem nor like am at-all.
E bear sofa and pain well-well.
Nobody even sorry am
and wi trit am like sey e nor mean anytin.
4 But E bear di sofa and pain wey suppose bi awa own.
But wi tink sey en sofa na di ponishment wey God gi-am.
5 But dem wound am bikos of awa sin;
dem beat am bikos of di bad tins wey wi do.
Na di ponishment wey e sofa give us peace
and en wounds don make us well.
6 All of us bi like sheep wey don lost
and wi dey waka go awa own way.
But God gi-am di ponishment
wey suppose bi awa own.
7 Dem trit and ponish am anyhow,
but e put body down
kon bear-am like lamb wey dem won go kill
and e nor tok anytin.
8 Dem arrest and sey make dem kill-am
and nobody kare about am.
Dem kill-am, bikos of awa sins.
9 Even doh e nor do any bad tin or tok lie,
dem plan to put am for grave with wiked pipol
but dem kon beri am for rish man grave."
10 Na God wont make e sofa and en deat na sakrifice,
so dat God go forgive pipol dia sins.
So en days go long and e go si en shidren-shidren and thru am,
God go do wetin E wont.
11 But wen e si all di good tins wey en sofa bring,
belle go sweet am.
My savant wey I like well-well,
go bear plenty pipol ponishment and I go forgive dem bikos of am.
12 So, I go honor and put am for where great men dey,
bikos na only en sakrifice en life and dem si am as sina too.
E karry evribody sins for en head
kon pray so dat God go forgive us.

# 54

### *God Love Israel*

1 “Wimen wey neva born pikin before,
naw, make una sing and shaut with happiness,
bikos di shidren wey una go born,
go plenty pass di ones wey di woman wey get husband, born.
2 Make una make una house big well-well;
make en rope and en peg dey strong well-well.
3 Una go spread go rite and left;
una shidren-shidren go kover evriwhere
kon stay for town wey dem don forget before.
4 Make una nor fear,
dem nor go disgrace una again.
Make una nor fear at-all,
bikos una nor go face shame again.
Una go forget una shame wey happen wen una dey small
and una nor go remember di sofa
wey una sofa wen una nor get shidren.
5 Bikos di Pesin wey kreate una,
go bi una husband.
Na God wey get pawa bi en name.
Israel God wey dey holy go save una.
Dem dey koll am di God of di whole eart.
6 Israel pipol, una bi like yong wife
wey sorrow full en heart,
bikos en husband leave am.”
But God dey koll una kom meet am sey,
7 “Even doh I leave una for shot time,
I go take una back and show una my love
wey nor dey end.
8 I vex leave una small,
but I go show una my love forever.”
Na so God, wey save una, tok.
9 “I promise una for Noah time
sey I nor go use wota distroy di world again.
Naw, I dey promise sey I nor go vex for una again
and I nor go rebuke or ponish una again.
10 Even doh di mountins and hills go skata,
di love wey I get for una, nor go ever end.
I go keep my peace and promise forever.”
Na God wey love una, tok all dis tins.

### *Jerusalem Wey Dey Kom*

11 God sey, “My Jerusalem;
di town wey dey sofa and nor get help;
di place wey nor get who go konfort am.
I go use stones wey dear well-well
take build una foundashon again.
12 I go build una towa with rubi kon use stones
wey dey shine like fire take build una gates.
And di wall wey surround una,

na jewels I go take build am again.
13 Na only mi go tish una pipol
and I go give dem peace kon make dem prosper.
14 Na raitiousness go make una strong.
Una go dey save from pipol wey dey opress una
and from doz wey dey kause wahala.
15 Anybody wey attack una,
do am on en own and anybody wey dey fight una,
go fall.
16 Na mi kreate di man wey dey melt gold,
make fire and form weapon
and na mi still kreate di soja wey dey use di weapon kill pipol.
17 But nor-tin wey pipol use against una,
go fit distroy una;
una go ovakom evribody wey dey akuiz una.
Dis na wetin pipol wey dey serve Mi dey enjoy
and I go defend and make dem win."
Na so God tok!

# 55

*God Mesi*

1 God sey, "All of una wey wota dey hongry,
make una kom drink from dis wota!
Una wey nor get money,
make una kom chop!
Make una kom drink wine and milk
and una nor go pay anytin!
2 Why una dey spend una money for wetin
nor go beleful una?
Why una dey spend una money
wen una know sey hongry go still kill una?
Make una listin and do wetin I tok,
den una go enjoy di best food.
3 My pipol, make una open una ear
as una dey kom meet mi;
make una kom meet mi and una go get life!
I go give una kovenant wey go last forever
kon give una di blessings wey I promise David.
4 I make am leader and kommander for many nashons
and I show dem my pawa thru am.
5 Naw, una go gada oda nashons wey una
nor know before.
And nashons wey nor know una before,
go run kom meet una!
Bikos mi wey bi di Oga una God,
di Pesin wey bi Israel God wey dey holy,
go make all dis tins happen.
I go give una honor and glory."
6 Make una turn and pray to God
naw wen E dey near una.
7 Make wiked pipol turn from dia wiked life

kon shange di way dem dey tink.
Make dem turn go meet di Oga wey bi awa God,
bikos E dey sorry for pesin and dey kwik forgive pipol.
8 God sey, "I nor dey tink as una dey tink
and una ways difren from my own.
9 As heaven high pass di eart,
na so my ways and di way I dey tink,
high pass una own.
10 My words bi like snow and rain
wey dey kom wota di eart from di sky.
Dem dey make plant grow and provide seed
wey dem go chop and plant.
11 Na so e bi too with di word wey I dey tok;
e go must do wetin I plan for am.
E go must do evritin wey I send am make e kom do.
12 Una go komot from Babilon with joy
and dem go lead una komot from di town with peace.
Di mountins and hills go dey sing
and di trees go dey shaut with happiness.
13 Cypress trees go grow for where grass dey naw.
Myrtle trees go grow for where shuku-shuku dey.
Dis sign go dey forever and e go dey remind una
about wetin mi wey bi God don do."

# 56

*Di Nashons Na God Pipol*

1 God dey tell en pipol,
"Make una do wetin dey good and korrect,
bikos I go soon kom save una.
2 I go bless pipol wey always dey keep di Sabat Day
and obey di kommand.
I go bless doz wey nor dey do wiked tins."
3 Strenjas wey dey follow una woship, make dem nor sey
"God nor go ever take us as en pipol."
And man wey nor fit sleep with woman,
make e nor sey,
"My own don finish for dis life
bikos I nor go ever fit born pikin."
4 God dey tell dat kind man sey,
"If yu honor and keep di Sabat Day;
kon do wetin I wont and keep my kovenant,
5 I go remember una name for my temple
and among my pipol and dat one betta pass any shidren
wey una go fit get and una name go dey forever."
6 God dey tell di strenjas wey join en pipol,
doz wey love and dey serve am well;
wey dey keep di Sabat Day and dey faithful
as dem dey keep en kovenant sey:
7 "I go bring una kom Zion wey bi my holy hill
kon give una joy wen una enter my prayer house,

den I go asept di sakrifice
wey una go offa for my altar.
Dem go koll my temple, 'Prayer house',
for all di nashons."
8 God wey get pawa, wey bring Israel en pipol kom back from Babilon,
don promise sey E go bring odas kon join dem too.

### *Dem Kondemn Israel Leaders*

9 God don tell di oda nashon make dem
kom like wiked animals kon skata en pipol.
10 E sey, "All di leaders wey suppose warn my pipol,
dey blind!
Dem nor know anytin.
Dem bi like dog wey nor dey bark;
dem just liedan dey dream.
Make una si as dem like sleep well-well!
11 Dem bi like wiked dogs wey nor-tin dey satisfy.
Dis leaders nor dey undastand at-all.
All of dem dey do as dem like.
12 Dem go sey, 'Make wi buy some wine and drink as wi like!
Tumoro go betta pass today and wi go get evritin wey wi wont!' "

## 57

### *Israel Yeye Life*

1 Raitious pipol dey die
and nobody undastand or even kare.
Betta men dey die,
yet nobody dey si di evil wey dey kom.
2 Pipol wey dey live betta life,
get peace and dem dey rest even wen dem don die.
3 But una wey bi sinnas!
Make una kom here make dem judge una!
Na pipol wey dey do majik and ashawo born una.
4 Who una dey fool?
Who una dey laf and lie give?
5 Una dey woship yeye gods
and dey sleep with each oda under doz trees.
Una dey sakrifice una shidren for di rock
wey dey near di stream.
6 Una take smooth stones from der
kon dey woship am as god.
Una pour wine put kon give dem rice as ofrin.
So, una tink sey I dey happy
with all dis tins wey una dey do?
7 Una dey go di mountins wey high pass go sakrifice
and sleep with one anoda.
8 Una put una juju for una door-mot
and una nor dey respet Mi wey bi God!
Una pul una klot, klimb bed with una love
wey una give money make dem for sleep with una.
Den una kon satisfy unasef.
9 Una dey put perfume and oil for body

go woship Molek wey una dey koll god.
Bikos una dey find gods to woship,
una dey send messenjas go far,
even go rish where dead body dey.
10 Naw, make una si as una dey work hard
to find oda gods and yet e nor dey taya una.
Una tink sey na bikos una juju dey give una pawa,
na-im make una nor dey taya to work?
11 God sey, "Who bi all dis gods
wey make una dey fear and lie for mi?
Wey make una forget mi like dis?
Una don stop to honor mi, bikos I don too kwayet?
12 Una tink sey wetin una dey do dey rite,
but I go disgrace una and una juju nor go fit help una.
13 Wen una kry for help,
make una juju kom save una.
Na one small breeze go karry dem go!
But pipol wey trust mi go stay di land
kon woship mi for my temple forever."

### *God Promise To Help And Heal*

14 God sey, "Klear di road! Klear di road!
Make una remove di tins wey fit stop my pipol
to turn back kom meet mi!
15 Na mi bi di high and holy God,
di Pesin wey go live forever.
Where I dey stay, dey high and holy,
but I still dey stay with pipol wey dey honbol
and ready to turn from sin kom meet mi,
so dat I go give dem mind and hope again.
16 I give my pipol life
and I nor go kontinue to curse or vex for dem forever.
17 I bin dey vex for dem bikos of dia sin and long-trot,
so I kon ponish and abandon dem
bikos dem sturbon and dey do as dem like.
18 I don si how dem dey bihave,
but I go heal dem.
I go lead and help dem and I go konfort doz
wey dey mourn.
19 I go give peace to evribody,
both doz wey dey far and near!
I go heal my pipol.
20 But wiked pipol bi like sea wey dey make nois anyhow;
en wave nor dey finish
and na so-so dirty e dey bring.
21 Wiked pipol nor go ever get peace of mind."
Dis na wetin God tok.

## 58

### *Betta Fasting*

1 God sey, "Make una shaut well-well!

Make una tell Israel wey bi my pipol about dia sins!
2 Dem dey woship mi evriday dey sey,
dem won know my ways and obey my laws.
Dem sey make I just dey give dem my laws,
bikos dem dey happy to woship mi."
3 Di pipol ask, "Wetin make us dey fast
and honbol awasef if God nor go ansa us?"
God kon tell dem, "Di true bi sey, for di time wey una dey fast,
una still dey opress una workers and run follow tins wey una like.
4 Una fasting dey make una wiked
and una still dey kworel and fight.
Una tink sey dis kind fasting go
make mi listin to una prayers?
5 Na di kind fasting wey I choose bi dis?
Na only di time wey una dey fast una dey-dey honbol?
Na just to skrape di hair for una head rish groun,
I wont?
Abi, na to just wear sak kon sleep for ashes?
Na dis one una dey koll fasting,
di day wey God wont?
6 Nor bi dis kind fasting I choose;
but wetin I wont bi sey:
'Make una remove sin from una body kon give betta judgement,
den free pipol wey una dey opress.
7 Make una share una food with pipol wey dey hongry
kon open una door for poor pipol wey nor get house.
Den give klot to pipol wey nor get anytin to wear
and help una own rilashons.
8 Den my favor go shine for una body like morning sun
and una sore go kwik heal.
I go always dey to save una
and my present go protet una for evriwhere.'
9 Wen una pray, I go ansa una.
Wen una koll mi, I go hear una.
If una stop to opress pipol and tok wiked words
kon stop wiked tins;
10 if una give food to pipol wey dey hongry
kon satisfy doz wey nor get,
di darkness wey dey round una,
go brite like aftanoon sun.
11 Den I go always guide and satisfy una with good tins.
I go make una dey strong and well.
Una go bi like gardin wey get plenty wota
and like wota wey nor go ever dry.
12 Una pipol go build wetin don skata since,
dem go build am put for di old foundashon again.
Dem go know una as pipol wey ribuild di wall
and house wey dem bin skata."

### *Sabat Day*

13 God sey, "If una keep di Sabat Day holy

and una nor run follow wetin una wont dat day;
if una value my holy day and honor am and una nor travel,
work or tok yeye word for dat day,
14 den una go si di joy wey go follow una as una dey serve mi.
I go make dem honor una for di whole world
and una go enjoy di land wey I give Jakob
wey bi una grand-grand papa."
Na mi wey bi God tok all dis tins.

# 59

## *Di Profet And Di Pipol*

1 Make una nor tink sey God dey too weak to save una
or dey deaf to hear wen una koll am for help!
2 Na bikos of una sins make am nor dey hear una.
Na una sins dey separate una from God wen una try to woship am.
3 All una words na lie and pipol wey una kill,
dia blood don stain una hand.
4 Una dey go kourt and dey lie for each oda head.
Una dey put hope for lie, so dat una go win una kase.
Una dey make plans to take hurt oda pipol.
5 Di evil wey una dey do dey bad like di poizin
wey dey snake wey dem just born.
6 But di evil nor go do una any good;
dem dey yuzles like klot wey dem make with dirty!
7 Na only evil tins una dey plan to do.
Una nor dey fear to kill innocent pipol.
Anywhere wey una dey go,
na only wahala una dey kause for der
8 and nobody dey save around una.
Evritin wey una dey do nor get betta judgement.
Una dey follow di wrong road.
And nobody wey dey pass dat road, dey save.

## *Di Pipol Konfess*

9 Di pipol sey, "Na naw wi know why God nor save us
from doz wey dey opress us.
Wi dey hope sey wi go si lite,
but na only darkness wi dey si
10 and wi dey waka anyhow
like blind pipol.
Wi dey fall for aftanoon and for nite;
e bi like sey wi dey dark world,
for where dead pipol dey.
11 Dem dey sofa and make us fear.
Wi won si God, so dat E go save us from di opreshon
and bad tins wey wi dey do,
but e nor gri work.
12 Oga God, di bad tins wey wi do against Yu,
plenty well-well.
Awa sins dey fight us
and wi know sey na so e bi.

13 Wi don fight, rijet and refuse to follow Yu.
Wi opress odas kon turn from Yu.
All wetin wi dey tok and tink, na lie dem bi.
14 Betta judgement dey far from us
and good tins nor fit kom near us.
Trut nor dey for where pipol gada
and nobody dey good.
15 Trut nor dey awa mout again
and di pesin wey nor dey won do evil,
dem dey take en tins from am.
God dey look and vex,
bikos betta judgement nor dey una body."

### *God One Save En Pipol*

16 E dey sopraiz am sey,
nobody dey to help pipol wey dem dey opress.
So E go save dem with en own pawa
kon make dem get viktory.
17 E go wear good judgement for body like war koat
kon wear viktory like priest kap for en head.
E go wear klot wey go make am do good tins
kon ponish doz wey dey sofa pipol.
18 E go ponish en enemies akordin to wetin dem do;
even doh dem dey stay for far place.
19 From east go rish west,
evribody go fear en and en great pawa.
E go kom like river wey dey rush well-well
and like strong breeze wey dey blow.
20 God dey tell en pipol sey, "I go kom Jerusalem
kon defend and save all of una wey turn from una sin kom meet mi.
21 I make kovenant with una sey:
I don give una my pawa and word forever and from naw go,
make una dey obey mi
kon tish una shidren and shidren-shidren,
so dat dem go obey mi forever."

# 60

### *Jerusalem Glory*

1 Jerusalem pipol, make una raiz and shine like sun,
bikos God glory dey shine on-top una!
2 Even wen darkness kover evry oda nashon,
God lite go shine on una own and en present wey brite well-well,
go dey with una.
3 Nashons go kom enter una lite
and kings go enter una brite lite.
4 Make una look round kon si wetin dey happen;
una pipol dey gada kom house!
Una shidren go kom from far place;
dem go karry una girls for shoulder kom back.
5 Una go si dis tins kon happy;
una go dey happy as una dey waka.

Dem go bring all di nashons propaty kom give una.
Dem go bring dia money from di oda side of di river kom.
6 Plenty karavan with kamels go kom una land
from Midian and Efah town.
Dem go kom give una gold and incense from Sheba town.
Pipol go tok about di good tins wey God don do for una!
7 Dem go bring all Kedar and Nebaiot sheep
kon give una as sakrifice
and dem go offa dem for di altar
to take make belle sweet God.
God temple go get glory pass as e get before.
8 So, wetin bi all dis sheep wey dey pass like kloud;
like doves wey dey go house?
9 Di ship dem dey kom from far;
dem dey karry God pipol with silva and gold kom back to dia house
and to take honor God name,
di Oga wey bi Israel pipol God wey dey holy
and all di nashon dey honor en pipol.
10 God tell Jerusalem pipol,
"Oda pipol go build una wall and dia kings go serve una.
I bin ponish una, bikos I dey vex,
but naw, I go show una my favor and mesi.
11 Una gates go dey open both for day and nite,
so dat kings go bring dia propaty kon give una.
12 But dem go distroy any nashon
wey nor gri serve una.
13 Dem go bring pine wood, junipa, cypress
and di wood wey fine pass for Lebanon forest
kom take build Jerusalem again;
so dat my temple go fine and di town go get glory.
14 Doz wey bin dey opress una,
dia sons go kom bow for una.
All di pipol wey look down on una before,
go kon woship una.
Dem go koll una, 'Oga God Town.
Zion, di town wey Israel God wey dey holy dey stay.'
15 Dem nor go hate and look down on una again.
Una town wey dem skata and distroy,
I go make am great and beautiful
and joy go dey der forever and ever.
16 Nashons and kings go kare for una
as mama dey kare for en pikin.
Den, una go know sey,
mi wey bi God, don save una.
Israel God wey get pawa don free una.
17 Instead of bronze,
I go give una gold.
I go give una silva and bronze,
instead of iron and wood;
den I go still give una iron,
instead of stone.

Una rulers nor go opress una again and I go make dem rule
with betta judgement and peace.
18 Dem nor go hear wahala sound again for dis town;
distroshon nor go skata una kountry again.
I go protet and defend una like wall;
den una go praiz mi, bikos I don save una.
19 Di sun nor go bi una lite for day time again
or di moon for nite,
bikos na mi, wey bi God,
go bi una lite forever and my glory lite
go always dey shine on una.
20 Una days of pains don end.
Mi wey bi God go bi una lite forever
and e go last pass di sun and moon.
21 Una pipol go do di rite tin
and dem go get di land forever.
Na mi plant and make una,
so dat evribody go know how I great rish.
22 Even una small family wey dey honbol demsef,
go dey great like nashon wey get pawa well-well.
Wen di time rish, I go make dis tins happen kwik-kwik.
Na mi wey bi God, tok am!"

# 61

*Good News*

1 God wey dey mighty, en Spirit dey on mi,
bikos E don anoint mi to prish good news give poor pipol;
heal doz wey dia heart break;
announce make dem release doz wey bi slave
and free doz wey dey for prison.
2 E send mi kom tell pipol sey
di time for God to save en pipol and defeat dia enemies, don rish!
Yes, E go konfort doz wey dey mourn.
3 E sey, instead of sadnes,
E go give joy and happiness to doz wey dey mourn for Zion.
Instead of sorrow,
E go put praiz song for dia mout.
Dem go bi like tree wey God plant by ensef.
All of dem go do wetin dey rite
and dem go praiz God for wetin E don do.
4 Dem go ribuild di towns wey skata
kon ripair di place dem wey pipol distroy.
5 My pipol, strenjas go serve una.
Dem go kare for una animals;
farm for una land and kare for una vineyards.
6 Dem go know una as God priests wey bi en savant.
Una go enjoy di nashon propaty.
Den una go dey proud sey na una own.
7 Una shame and disgrace don end.
Una go stay for una own land and una propaty go bi times two,

den una joy go last forever.
8 God sey, "I like betta judgement,
but I hate opreshon and wahala.
I go dey faithful to reward my pipol
and make kovenant wey go last with dem.
9 Dem go know dem for all di nashons and anybody wey si dem,
go know sey dis na pipol wey I bless."
10 Jerusalem pipol dey happy,
bikos of wetin God don do.
E bi like yong woman wey dem dress ready for marriage.
God don wear salvashon and viktory klot for en body.
11 Just as seed dey take grow,
na so God wey bi king,
go take save en pipol and all di nashons go praiz am.

# 62

*Di New Zion*

1 I nor go rest bikos of Zion
and bikos of Jerusalem I nor go kwayet
until en raitiousness go shine kom out like morning lite
and en salvashon like tosh wey dey shine well-well.
2 Jerusalem pipol! Nashons go si una viktory!
Dia kings go si una glory.
Dem go koll una with di new name
wey God ensef give una.
3 For God hand, una go bi like crown wey get glory!
Yes, una go bi like royal crown for God hand.
4 Dem nor go koll una
"Pipol wey dem rijet again"
or koll una land,
"Di wife wey en husband drive komot house."
But dis na di new name wey dem go koll una,
"God dey happy with una."
Dem go tell una land sey: "Yu marry well."
Dis na bikos God dey happy with una
and E go bi like husband to una.
5 Like yong man wey marry virgin,
na so too en wey form una, go marry una.
As husband dey happy with en wife,
na so una God go dey happy with una too.
6 Jerusalem pipol, I go put pipol wey go dey guide una walls
and dem nor go kwayet both for day and nite.
But una wey dey pray give God,
make una nor stop at-all.
7 Make una nor let am rest till E build Jerusalem again
kon turn am to town wey di whole world go dey praiz.
8 God don make betta promise
and E go make am happen with en pawa den E go sey:
"Enemies nor go chop una korn again
and strenjas nor go drink una wine again.
9 But una wey plant and harvest di korn,

go chop di bread kon praiz God.
Una wey gada di grapes,
go drink di wine for my temple yard."
10 Jerusalem pipol, make una go outside di town
go build road for una pipol wey dey kom back!
Make una do betta road kon remove all di stones for der!
Make una put one sign, so dat all di nashons go know
11 sey, God dey announce give di whole world naw sey:
"Make una tell Jerusalem pipol sey God dey
kom save dem and E dey kom
with doz wey
E don already save."
12 Dem go koll una, "God holy pipol;
di ones wey God save."
Dem go koll Jerusalem,
"Di town wey God love and where E go stay forever."

# 63

*God Win Di Nashons*

1 "Who bi dis pesin wey dey
kom from Bozrah wey dey Edom?
Who wear fine red klot dey waka
kom with pawa and strent?"
Na mi God wey dey speak with raitiousness,
wey dey mighty and get pawa to save.
2 "Why en klot red like dat?
Why e red like man wey dey mash grapes to take make wine?"
3 God ansa, "I mash di nashons like grapes by mysef.
I use my vexnashon mash dem
and na dia blood stain my klot so.
4 I just feel sey di time to save my pipol don rish
and na di rite time to ponish dia enemies bi dis.
5 I sopraiz wen I si sey nobody dey to help doz wey dem dey opress.
So, mi mysef kon go save and diliver dem with my strong hand.
6 I mash di nashons as I dey vex kon skata dem.
Den I pour dia blood for groun."

*God Dey Good To Israel*

7 I go tok about God love wey nor dey fail.
I dey praiz am for wetin E don do for us.
E don bless Israel pipol well-well,
bikos of en mesi and love wey nor dey fade.
8 God sey, "Dem bi my pipol
and dem nor go lie give mi." E save dem
9 from all dia sofa. Nor bi angel save dem,
but na God save dem by ensef.
E use en love and mesi take save dem.
E dey kare for dem since,
10 but dem fight against am
kon make am vex.
So God kon bi dia enemy

and E fight against dem too.
11 Den di pipol remember as e bi before;
dat time wen Moses take dem komot from Egypt, so dem ask,
“Where di God wey save en pipol from di sea?
Where di God wey give Moses en Spirit?
12 Where God wey do great tins thru Moses wey divide di sea
kon lead en pipol pass di deep wota,
so dat honor and glory wey nor dey end,
go bi en own?”
13 Dia leg strong for groun like horse wey dey run fast
and dem nor fall, bikos God dey lead dem.
14 Just as dem dey lead melu go valley wey get betta grass,
na so too God dey give en pipol rest.
E lead en pipol kon bring honor to en name.

### *Prayer For Help And Mesi*

15 Oga God! Make Yu look us from heaven,
yor holy place where Yu dey stay wey get glory.
Where yor pawa and strong mind dey?
Where yor love and mesi dey?
Make Yu nor leave us at-all.
16 Na Yu bi awa papa.
Even if Jakob and Abraham wey bi awa grand-grand papa
sey dem nor know us,
Yu God na awa papa
and na Yu dey always save us.
17 Why Yu make us komot from yor plans and ways?
Why Yu make us sturbon like dat,
sotey wi turn from Yu?
Make Yu kom back, bikos of doz wey dey serve Yu
and bikos of di pipol wey bi yor own.
18 Na small time wi spend for yor house
before awa enemies drive us kon skata yor temple.
19 Wi bi yor own from biginnin;
but Yu neva rule dem before
and nobody don ever koll dem with yor name.

## 64

### *Prayer For Mesi And Help*

1 How I wish Yu go tear di sky open
kon kom down from heaven!
Di mountins go si Yu kon shake with fear.
2 Dem go dey shake like wota
wey dey boil for hot fire.
Make Yu kom show yor pawa to yor enemies,
so dat di nashons go fear wen dem si Yu,
3 bikos wen Yu do tins wey wi nor espect;
wen Yu kom down, di pipol kon dey fear.
Wen di mountins si Yu,
dem bigin shake dey fear.
4 Nobody don si or hear about any oda god wey bi like Yu

or di one wey fit do di kind tins wey Yu dey do
for doz wey put dia hope on Yu.
5 Yu dey help pipol wey dey do wetin dey rite;
pipol wey remember how Yu wont make dem dey live dia life.
But wen wi kontinue to dey kommit sin,
Yu vex for us.
So na how wi wont make Yu take save us?
6 All of us nor dey klean and dirty full awa life.
Bikos of awa sins, wi bi like leaf wey don fade
wey breeze dey blow trowey.
7 Nobody dey pray to Yu again;
nobody dey kom meet Yu for help again.
Yu don hide yorsef and abandon us,
bikos of awa sins.
8 But Oga God, na Yu bi awa papa.
Wi bi klay and na Yu mold us.
Na Yu kreate us,
9 so make Yu nor too vex for us
or use awa sins against us forever.
Wi bi yor pipol,
so make Yu sorry for us.
10 Yor holy towns bi like desert na;
Jerusalem na desert wey don skata
11 and awa temple wey holy and fine,
wey awa grand-grand papa dem for dey praiz Yu before,
don skata and dem distroy am with fire.
Evriwhere wey wi love, don skata.
12 So Oga God, all dis tins nor koncern Yu at-all?
Yu nor won do anytin?
Yu won make wi sofa
pass as wi fit bear?

# 65

*God Ponish Sinnas*

1 God sey, "I bin dey ready to help my pipol,
but dem nor kom meet mi make I help dem.
I bin dey ready make dem look for mi,
but dem nor even try.
All di nashons nor pray to mi,
even doh I dey ready to ansa sey:
'Na mi bi dis, I go help una.'
2 I always dey ready to welkom my pipol wey dey sturbon,
dey do wrong and dey go dia own way.
3 Dem dey always make mi vex,
as dem dey offa juju sakrifice inside di holy gardin
kon burn incense for di stone altars.
4 Dem dey go grave for nite go beg dead body spirit
make e help dem.
Dem dey chop pig and drink wetin kom out from di meat
wey dem sakrifice give juju."
5 Dem dey tell odas sey, "Make una nor near us,

wi dey too holy for una to tosh!
Doz pipol bi like smoke for my nose,
bikos my vexnashon for dem bi like fire
wey nor dey kwensh.
6 I don already know how I go take ponish dem
and dem don rite di way dem go take die for groun.
I nor go look wetin dem don do kon trowey face,
but I go pay dem back
7 for dia sins and dia grand-grand papa own.
Dem don burn incense for juju hills
kon tok bad tins about mi.
So I go ponish dem for wetin dem don do pass."
8 God still sey,
"Nobody dey distroy good grapes,
instead, dem go use dem make wine.
And na so too I nor go distroy all my pipol,
but I go save doz wey dey serve mi.
9 I go bless Israel pipol wey kom from Judah tribe
and na dia shidren-shidren go stay my land.
My pipol wey I choose wey serve mi,
na dem go stay for der.
10 Dem go woship mi kon lead dia sheep and melu go chop grass for Sharon
and for Akor Valley for east.
11 But una wey nor dey obey mi;
wey don forget my holy mountin.
Wey prepare tabol for Gad wey bi Babilon god
kon mix drink for dat god wey dem dey kol Destiny,
wey dey give hope and luck to pipol,
12 una go die yeye deat,
bikos na so una wont am and una nor ansa wen I koll una
or listin wen I tok to una.
Una nor gri obey mi,
instead una kon dey do wiked tins.
13 I dey tell una sey, doz wey woship and obey mi,
go get plenty food to chop and drink,
but food and wota go hongry una wey dey disobey mi.
My pipol go dey happy,
but na disgrace go follow doz wey dey disobey mi.
14 My pipol go sing dey happy,
but doz wey nor dey obey mi, go kry with pain.
15 Di pipol wey I choose go use una name as curse.
Mi, God wey bi king, go kill una.
But I go give new name to pipol wey obey mi.
16 Anybody for di land wey ask for blessing,
God wey dey faithful go bless am.
Anybody wey won swear,
go use God name wey bi trut take swear
and dis na bikos di trobol wey dey before,
don pass and I go forget dem forever."

*Di New Creashon*

17 God sey, "I go kreate new heavens and new eart.

Nobody go remember di tins wey don happen
before and e go komot from dia mind kpata-kpata.
18 But make una dey happy forever,
bikos of wetin I go kreate.
Di new Jerusalem wey I go make,
na only joy go full am and en pipol go dey happy.
19 Joy go full my heart,
bikos of Jerusalem and en pipol.
Pipol nor go kry or feel pain for der again.
20 Small shidren nor go die again
and evribody go get long life.
Even wen pesin don rish hundred years,
dem go sey e still dey yong.
If dem die before dat time, e go bi sign sey,
I ponish dem.
21 My pipol go build house kon stay inside.
Dem go plant vine kon enjoy di fruit and di wine.
22 Anoda pesin nor go stay inside di house
wey dem build and odas wey nor plant,
nor go drink di wine wey my pipol make,
bikos my pipol go get long life like tree
and dem go enjoy evritin wey dem work for.
23 Dem go susid for di work wey dem dey do
and dia shidren nor go sofa.
I go bless dem and dia shidren-shidren forever.
24 Even before dem go pray to mi,
I go ansa dia prayers and as dem still dey tok,
I go hear dem.
25 Wolf and sheep go dey chop togeda;
lions go chop grass like melu,
while snake go chop san and dem nor go dey wiked again.
Nor-tin wey go kause wahala
or evil go dey for my holy mountin for Zion again."

# 66

*God Judge Di Nashons*

1 God sey, "Heaven na my throne
and na di eart I dey put my leg.
Wish kind house una go fit build for mi?
Wish kind place I go stay?
2 Na my hand I take make heaven and eart;
dem with evritin wey dey inside na my own.
Mi wey bi Oga God, don tok!
I go bless di pesin wey dey honbol
and dey ready to turn from sin kom meet mi;
pesin wey dey fear and obey mi.
3 Wiked pipol dey do tins for God like sey dem dey do am
give juju and dis kind tin dey make God vex for dem.
Weda dem kill melu as sakrifice,
dem go dey guilty like sey dem kill human being.

Even if dem sakrifice lamb,
e go bi like sey na dog dem sakrifice;
even if na rice dem present,
dem go dey guilty like sey dem offa pig blood as ofrin;
or if dem offa incense give God,
dem go still dey guilty like who offa am give juju,
bikos dis pipol don choose dia own way
and dem like di yeye tins wey dem dey do.
4 So, I go bring wahala and di tins wey dem dey fear,
bikos wen I koll, nobody ansa and wen I dey tok to dem,
nobody gri listin to mi.
Evritin wey dem do dey make mi vex
and dia ways nor bi my ways."
5 Make una listin to wetin God tok,
"Una own pipol hate and porshu una
bikos una dey obey my name.
Dem dey laf una sey 'Oya! Make una honor God name na!
Make belle sweet una na!' "
But make una nor worry,
bikos na dem go shame.
6 "Make una listin to dat loud nois for di town;
dat sound for di temple na di sound
wey God take dey ponish en enemies!
7 My holy town bi like woman wey just born pikin without sey e labor.
E born boy pikin without pain.
8 E get anybody wey don hear or si dat kind tin before?
E don get any town wey dem use one day make?
So, Zion nor go sofa tey again,
before I go bring am kom back to life.
9 Make una know sey I go kare for my pipol
until dem go born.
Yes! I go kare for dem until dem born di pikin."
God don tok.
10 "So make una happy with Jerusalem;
all of una wey like dis town,
make una happy for am!
All of una wey bin dey mourn for am,
make una happy with am naw!
11 Una go enjoy en propaty like pikin
wey dey suck en mama breast.
Una go drink beleful bikos of all di tins wey e get."
12 God sey, "I go make una prosper forever;
all di nashon propaty go kom meet una like river
wey nor dey dry.
Una go bi like pikin wey en mama kare
and karry for hand kon trit am with love.
13 Just as mama dey konfort and kare for en pikin,
na so too I go konfort and kare for Jerusalem pipol.
14 Wen una si sey dis tins dey happen,
una heart go happy and una go prosper like grass.
Den una go know sey,
'Mi wey bi God dey help pipol wey obey mi,

but I dey vex for my enemies.' "
15 God go kom with fire.
E go ride kom with di kloud kon ponish doz wey E dey vex for.
16 Wiked and bad pipol wey dey di world,
E go ponish dem with fire and swod kon kill dem well-well.
17 God sey, "Di end don rish for doz wey dey keep diasef holy bikos of
dia juju; doz wey dey go woship for juju gardin; wey dey chop pig and rat
with oda yeye food. 18 I know wetin dey dia mind and wetin dem dey do.
I dey kom gada all di nashon togeda and wen dem don kom togeda, dem
go si wetin my pawa fit do 19 and dem go know sey na mi ponish dem.

"But I go send some of dem go far nashon wey neva hear how I dey great rish or si di great tins wey I dey do. Na with my pawa, I go take send dem go Spain, Libya and Lydia with dia strong men. I go send dem go
Tubal and Greece and na dem go tell doz nashons how I great rish. 20 Just
as Israel pipol dey bring rice ofrin kom di temple with fine kontaina, na so too dem go bring all una men from all di nashons kom give mi as ofrin for my holy mountin. Dem go karry dem kom my holy hill for Jerusalem with
horse, melu, kamel, shariot and truck. 21 I go make some of dem priest
and some go bi Levi wey dey work for God temple."

22 God sey,
"Just as di new eart and heaven
wey I go make go dey with mi forever,
na so too una name and una shidren-shidren name
go dey with mi forever.
23 For evry New Moon festival and Sabat Day,
evribody go kom Jerusalem kon woship mi.
24 All doz wey bin fight mi,
dem go si dia dead body for road.
Di worms wey chop dem nor go ever die
and dem nor go ever kwensh di fire
wey go burn dem.
Dia dead body nor go dey good
for human being to si."

# Jeremaya

## Introdushon

Profet Jeremaya tok about Judah for forty years and na for di time wen Assyria sojas stop to rule Judah pipol go rish di time Babilon distroy Jerusalem. Di book tok about many tins wey Jeremaya do thru message. How e profesai and how e use wetin don hapun take tish di pipol. Dis pipol really show us how di profet take use en whole mind thru how e take dey tish di pipol about God even doh dem rijet and plan to kill-am.

Di book start and end with many-many tins wey Profet Jeremaya do and how e take tok about how Jerusalem go fall. Di book get four main part wey tok about Jeremaya story and profesai. Each of dis four part end with Jeremaya words wey dem rite for book or for scroll. One long profesy like song dey for di book middle. So Jeremaya profesy wey appear for biginnin, for middle and di end, tok of how dem dey important. Di middle one tok about di promise about new kovenant wey go shange evry humanbin heart and naim important pass for all. Wetin God go do, go pass just to ponish evil pipol, but E go ovakom evil with good.

As wi dey turn from one page to anoda, wi go si sey Jeremaya book karry us go back and front akordin to place and time, yet wi undastand wetin e dey tok about. Di message about restorashon and forgivenes: to uproot and tear down, to distroy and ova-trow, to build and to plant; all dis follow di message of how God go take judge doz wey dey do wiked and evil tins.

*Profet Jeremaya*

1 Jeremaya wey bi Hilkaya pikin, na wetin e profesai, dey dis book.
Jeremaya na one among di priests wey dey stay Anatot for Benjamin aria.
2 God first tok to Jeremaya for di thirtint year wen Amon pikin, Josaya dey
rule Judah. 3 God still tok to am, wen Josaya pikin, Jehoiakim dey rule for
Judah. Afta dat time, God still tok to am until di fift mont for di elevent
year wen Zedekaya wey Josaya born, dey rule for Judah and na dat same
year, dem katch and karry Jerusalem pipol go Babilon.

*God Koll Jeremaya*

4 God tell mi sey,

5 "Before I put yu for yor mama belle,
I don know and choose yu.
I don selet yu, before dem even born yu.
Yes! I don choose yu as my profet
and yu go take my message go evriwhere."

6 So I ansa, "My Oga God, I nor sabi tok well and I still yong too." 7 But
God sey, "Make yu nor sey, 'I still yong.' But yu go-go meet anybody wey
I send yu go meet kon tell dem evritin wey I kommand yu. 8 Di pipol wey
I dey send yu go meet, make yu nor fear dem, bikos I go dey with yu and
I go save yu. Mi wey bi God, don tok!" 9 So God stresh en hand kon tosh
my mout, den E sey, "Make yu listin, na mi go tell yu wetin yu go tok. 10 So
make yu know naw sey, I don give yu pawa ova nashons and kingdoms;
to rut and skata; to distroy, ova-take, ribuild and to plant well again."

*Two Vishon*

11 Afta, God koll and ask mi: "Jeremaya! Wetin yu dey si?" I ansa, "Na
one almond tree branch." 12 Den God sey, "Yu dey rite and dis mean sey,
I dey look well to make sure sey evritin go happen, just as I tok am."
13 God ask mi again, "Na wetin yu dey si?" I ansa, "I si pot wey wota full
dey boil for di nort side and e dey kom meet us." 14 So God tell mi, "Dis
mean sey, na from nort I go start to distroy kom and I go distroy evribody
wey dey di land. 15 All di sojas for nort, I go soon koll dem kom attack
Jerusalem. Dia kings go build dia throne for Jerusalem gate kon distroy
all di walls wey dey guide di town. Den dem go attack all di towns for
Judah. 16 Like dis, I go ponish my pipol for Jerusalem and Judah, bikos of
dia wikedness. Dem forget mi kon dey woship and offa sakrifice give juju
and oda gods wey dem make with dia own hand.
17 "But yu, Jeremaya! Make yu ready go tell dem evritin wey I kommand
yu. Nor fear dem, if not, I go give yu betta rizin to fear dem. 18 Mi, God
don promise to make yu strong like town wey dem dey guide well, wey
nobody fit skata and like pila wey dem use iron take make or wall wey get
bronze. Yu go fit stand against di whole land: dat is, Judah king, en ofisas,
priest and all di pipol for di land. 19 Dem go attack yu, but dem nor go fit
win yu, bikos I go dey der to save yu.

Mi, wey bi God, don tok."

# 2

*God Kare For Israel Pipol*

1 God kon tell mi sey, 2 "Go tell evribody for Jerusalem sey: 'God sey, "I
remember as una dey faithful wen una dey yong. Una bin love mi well-
well like woman wey just marry; una follow mi waka for wildaness and
for dry land. 3 Dat time, Israel pipol dey holy to di Oga God; na dem bi di
first fruit wey E plok and evribody wey won attack Israel, God dey ponish
and distroy dem." ' "

*Israel Grand-grand Papa Sin*

4 Naw, Jakob shidren-shidren and Israel family,
make una listin to God word.
5 God sey, "Wetin una grand-grand papa dem sey
I do wey make dem waka leave mi?
Dem go woship yuzles juju
and e kon make dem dey yuzles too.
6 Dem nor even ask sey,
'Where God wey take us komot from Egypt?
Di Pesin wey take us pass wildaness and desert,
land wey nor good and dey dry,
where pipol nor dey stay or travel pass.'
7 I take una go betta land,
so dat una go enjoy di fruit and all di oda good tins wey dey der,
but wen una rish der,
una turn di land to dirty.
8 Una priests nor even ask sey,
'Where Oga God dey?'
Doz wey dey tish my law nor even know mi.
Una rulers don turn from mi.

Una profets dey profesai with Baal name
and una leaders dey woship juju
wey nor fit help or save dem.

*God Tok Against En Pipol*

9 "Bikos of dis, mi God go tell una
wetin I get against una and una shidren-shidren.
10 Make una go shek thru Cyprus land for west or Kedar land for east,
una go si sey dis kind tin neva happen before.
11 No oda nashon don ever shange dia god,
even wen dem know sey dia gods nor bi god at-all.
But my pipol don shange mi God wey give dem honor,
with gods wey nor go fit help dem.
12 So heavens, make una sopraiz bikos of dis tins.
Yes! Make una shok and sopraiz well-well,
13 bikos my pipol don kommit two difren sin against mi:
dem don leave mi wey bi di spring wey dey give dem fresh wota
and dem dig one well for diasef wey nor fit keep and gada wota.

*Result For Israel Sin*

14 "Israel pipol, dem nor born una as slave;
na for war dem for katch and karry una go as slave.
15 Di enemies dey shaut like lion as dem dey distroy my pipol;
skata dia land and burn di towns with doz wey dey stay der.
16 Yes! Memfis and Egypt sojas don distroy Israel glory
and dem nor dey fear mi again.
17 But na Israel pipol kause all dis tins,
bikos dem leave di Oga wey bi dia God,
even wen E dey show dem di korrect road.
18 Wetin una go gain if una go back to Egypt
go beg dem to kom help una?
Wetin una tink sey una go gain,
if una go Assyria go beg to drink wota from Eufrates River?
19 Na di wiked tins wey una do go ponish and kondemn una,
bikos una turn from mi.
So, una go learn as e betta and wiked rish
nor to dey fear mi or forget mi wey bi di Oga una God."
Mi, wey bi God, don tok.
20 "E don tey wen una rijet my kommand
or obey and woship mi.
Instead, una give unasef to all di gods wey dey di hill
and under evry green tree,
like sey una bi ashawo wey dey find who e go sleep with.
21 I bin plant una like special vine wey dem make with di best tins.
So na how una kon take turn wiked vine, wey dey produce bad grape?
22 No amount of soap wey una go take wosh una sin,
go fit make una klean,
bikos I still dey si all di wiked tins wey una dey do."
Mi, wey bi God, don tok.
23 How una won take sey wi dey klean and wi neva woship Baal. Make
una si as una sin for Hinnom Valley! Si evry tin wey una do! Una
bi like woman kamel wey dey sleep with difren man kamel.

24 Una bi like wiked woman donkey wey grow for desert
and bikos e dey find man,
e go dey use en nose smell evriwhere weda e go si any one.
Nobody fit hold am if e nid to sleep with man.
Man donkey nor nid to go find am,
bikos na en dey run follow dem.
25 Israel pipol, make una nor let una shoe skata
or allow una troat dry as una dey run follow oda gods.
But una sey, "No! Wi nor go fit go back.
Wi love dis gods and wi go follow dem."
26 So God sey, "Just as dem dey disgrace tif wen dem katch am,
na so too I go disgrace Israel pipol,
dia kings, ofisas, priests and profets,
bikos of wetin dem do.
27 Una wey sey na tree bi una papa and rock na una mama,
God go disgrace una.
Dis tins go happen,
bikos instead of una to follow mi,
una kon waka leave mi.
But anytime una dey for trobol,
una go sey make I kom save una.
28 Where di gods wey una make for unasef?
Wen ever una dey for trobol,
make dem kom save una if dem fit!
True-true, di gods wey dey Judah
many like di towns wey dem get.
29 So wetin make una dey komplain?
All of una don sin against mi!"

Mi, wey bi God, don tok.

30 "Even as I ponish una shidren rish,
dem nor gri shange or listin as I dey korrect dem.
Just as lion dey kill en enemy,
na so too una don kill una profets finish."
31 Pipol for dis generashon!
Make una listin to wetin God dey tok:
"Israel pipol, I bi like desert for una eye naw?
Abi, I bi like land wey dark well-well?
So wetin make my pipol dey sey,
'Wi don free from God hand and wi nor nid am again!'
32 Yong woman dey forget to wear en gold ring?
Abi woman wey won marry,
dey forget to wear en marriage klot?
But e don tey wey my pipol don forget mi.
33 Una really know how to run follow di pesin wey una love
and bikos of dis, even ashawo, don learn join en work,
bikos of wetin una dey do!
34 Poor and innocent pipol blood don stain una klot,
even doh una nor katch dem dey tif for una house.
Yet, with all dis tins wey una don do,
35 una still sey, 'Wi neva do any bad tin at-all,
so God nor go vex for us again.'

But make una look! I go make sure sey I judge una,
bikos una sey, 'Una neva kommit any sin.'
36 Wetin make una dey waka anyhow
and dey shange una ways?
Just as Assyria pipol disgrace una,
na so too Egypt pipol go do una.
37 Una go kover una face with shame and sorrow
wen una dey kom back from Egypt,
bikos God don rijet di pipol wey una trust and even with dia help,
e nor go still betta for una."

# 3

1 God sey,
"If man drive en wife and di woman go marry anoda man,
di man go fit go marry di woman again?
Dat kind tin go make di land dirty.
But Israel pipol, una bi ashawo wey get many husband
and naw, una won turn back kom meet mi.
2 Make una look on-top di hills and una go si sey e
nor get anywhere wey una neva do ashawo!
Una sidan for road dey wait men,
just as Arab pipol dey wait for dia enemies for desert.
And naw, una don spoil di land
with una ashawo and wiked life.
3 Bikos of dis, God nor allow rain fall,
even for di rite time.
With all dis tins, una still dey live una ashawo life
and shame nor dey katch una.
4 Una even dey kry to mi naw sey,
'Yu bi awa papa.
Na from small pikin Yu love us kom rish naw.
5 Yu go vex and forget us forever?'
All dis na wetin una dey tok,
but una still dey do di bad-bad tins wey dey una mind."

### *Israel Pipol Nor Get Faith*

6 Wen King Josaya dey rule for Judah, God tell mi sey, "Israel pipol wey
nor dey faithful, yu si all wetin dem dey do? Dem don waka leave mi kon
dey do ashawo for under evry green tree and high hill. 7 I tink sey afta
dem do all dis tins finish, dem go kom back kom meet mi, but dem nor
kom and dia sista Judah, wey nor dey faithful too, si wetin dem do. 8 I
drive Israel pipol, bikos of dia ashawo life, yet en sista, Judah, nor fear,
but e kon join dey do ashawo too. 9 Bikos Israel sin nor mean anytin to
dem, dem kon kontinue to spoil di land as dem dey woship stones and
wood. 10 Even with all dis tins, Israel sista wey bi Judah nor gri turn kom
meet mi with all dia heart, but dem just dey pritend."

Oga God don tok.

11 Den God tell mi, "Even doh Israel pipol don turn from Mi, dem still
betta pass Judah wey nor dey faithful at-all."

### *God Tok To Judah And Israel Pipol*

12 God sey make I go tell Israel pipol for nort sey,

"Una wey nor dey faithful,
make una kom back kom meet mi.
I go sorry for una and I nor go vex again!
I nor go vex for una forever.
13 But make una first gri sey una don sin against mi
wey bi di Oga una God.
Make una konfess sey una nor dey obey my kommand
and una don show una love to oda gods for under evry green tree."
Mi, wey bi God, don tok.

14 "Pipol wey nor dey faithful, make una kom back kom meet mi, bikos
na mi get una. Among una, I go choose one pesin from each town and
two pesin from each family, den bring una kom back to Mount Zion. 15 I
go give una kings wey go obey mi and dem go rule una with wisdom and
undastandin. 16 For dat time, una go plenty well-well for di land and pipol
nor go sey dem wont Oga God Kovenant Box. Dem nor go even tink or
remember am again: dem nor go miss am, tok-less of to make anoda one.
17 Wen dat time rish, pipol go know Jerusalem as 'God Throne' and all di
nashons go gada kom woship mi for der. Dem nor go do wetin dia sturbon
and wiked heart sey make dem do again. 18 For dat time, Israel pipol go
join Judah pipol kom back from di land wey dey nort and dem go kom
back to di land wey I give dia grand-grand papa as dia own propaty."

19 God sey, "I go take una back as my shidren
kon give una betta land;
di land wey fine pass for di whole world.
Den una go koll mi, 'Papa' and una
nor go turn from mi again.
20 But Israel pipol, just like woman wey nor dey faithful to en husband,
na so too, una nor dey faithful to mi."
Mi, wey bi God, don tok.

21 "I dey hear one nois on-top di hill:
Na Israel pipol dey kry and beg dia juju.
True-true, dem dey stay inside sin
and don forget di Oga wey bi dia God.
22 Naw, una wey nor dey faithful,
make una kom back kom meet mi and I go heal una!"
"Yes! Wi go kom meet Yu,
bikos na Yu bi di Oga wey bi awa God.
23 True-true, hills and mountins nor fit help us.
But na only Yu wey bi awa Oga God,
go fit help wi, yor pipol.
24 But all dis yeye gods don skata all di tins
wey awa papa-papa dem do down;
dem don kill dia animals, sons and dia dotas.
25 So make wi liedan with shame!
Make awa disgrace kover us.
Wi and awa grand-grand papa don sin against di Oga awa God.
Since wi dey yong kon rish naw,
wi nor gri obey di Oga awa God."

# 4

1 God sey, "Israel pipol, if una really wont turn back kom meet mi,

make una distroy all una juju,
2 den, na only my name una go take swear sey,
‘As long as God dey alive,
wi go do wetin wi promise’,
den all di nashons go praiz mi
and I go bless dem bikos of una.”
3 God tell Judah and Jerusalem pipol sey,
“Una too sturbon!
Una heart too hard like strong groun wey shuku-shuku full,
wey farmer neva dig.
4 Make una keep di kovenant wey una make with mi
wey bi una God kon dedikate unasef to mi.
If una nor do am and una kontinue di bad tins wey una dey do,
my vexnashon go burn una like fire.
E go burn well-well
and nobody go fit kwensh am.”

*Judgement Dey Kom*

5 God sey, “Blow di trumpet for di land!
Shaut kon gada evritin togeda!
Den tell Judah and Jerusalem pipol sey,
make dem run go stay di strong towns.
6 Show dem where dem go pass run go Zion.
Make dem run kwik-kwik,
so dat dem go dey save!
Bikos God dey bring wahala
kom from nort and E go distroy well-well.
7 Just like lion wey kom out from where e hide put,
na so too di pesin wey dey distroy nashons go kom out.
E dey kom distroy Judah:
di town go skata finish and nobody go stay der again.”
8 So make una wear sak klot,
kry and roll for groun,
bikos God still dey vex well-well for Judah.
9 God sey, “For dat day, di mind wey kings get,
go fail dem!
Priests and profets go dey shek with fear.”
10 Den I sey, “God wey get pawa,
wetin make Yu deceive Jerusalem pipol?
Yu bin sey peace go dey,
but naw, Yu dey ready to kill.
11 “For dat time, dem go tell Jerusalem and Judah pipol sey,
“ ‘I dey kommand one strong breeze
kom from di desert kom meet my pipol.
Di breeze nor bi to blow well
or to klean my pipol,
12 and dis breeze go strong well-well!
Bikos na only God dey judge en pipol.’
13 Yes, di enemies go kom like kloud.
Dia shariot bi like strong breeze
and dia horse fast pass eagle.”
Den I kon kry, “Wi don die finish o-o,

bikos dem go distroy us!”
14 “So Jerusalem pipol, make una from una heart stop all di bad-bad tins
wey una dey do, so dat una go dey save.
Wetin make una nor fit stop to tink bad-bad tins?
15 From Dan town, one vois dey shaut dey kom
and e dey bring bad news kom from Efraim hill.
16 E don kom warn di nashons and tell Jerusalem pipol sey,
‘Wiked sojas dey kom from one far kountry
kon tok against Judah town.’
17 Just as pipol dey guide farm,
na so di wiked men go surround Jerusalem,
bikos en pipol tok against Mi.”
God don tok.
18 Judah, na una kause dis wahala,
bikos una dey live yeye life kon dey do bad tins.
Na una sin kause dis sofa
and e go pain una enter una heart.
19 Den I sey, “I nor go fit bear dis pain!
My heart dey beat fast-fast!
I nor fit kwayet, bikos I hear di trumpets
and war nois.
20 I hear as wahala dey happen for evriwhere!
Di whole land don skata finish.
Yes! Na wons dem distroy awa tent
kon tear awa curtains to pieces.
21 Na how long I go dey si awa enemies war flag
and hear dia trumpet sound?”
22 But God sey, “My pipol foolish well-well,
dem nor know mi at-all.
Dem bi shidren wey nor get sense
and dem nor dey kwik undastand anytin.
Na only bad-bad tins dem sabi do.”
23 I look di eart kon si sey e empty and nor get shape;
I look di sky and dia lite kon vanish.
24 As I look di mountins,
dem dey shake like man wey dey fear
and all di hills dey go back and front.
25 I look kon si sey nobody dey der
and di birds for di sky don fly komot.
26 Di land wey dey fruitful before,
don empty and evribody dey sofa,
bikos of God vexnashon wey dey burn like fire.
27 God sey, “Di whole land go turn desert
and I go distroy am finish.
28 Bikos of dis, di eart go kry and di sky go black,
bikos God don tok sey na so e go bi and E nor go shange en mind.”
29 Evribody for di land go run wen dem hear di shariot sound
kon si sojas with dia bow and arrow.
Some go run go hide for forest;
odas go klimb mountin go hide for rocks.
Di towns go empty

and nobody go remain for der again.
30 Jerusalem pipol, naw wey enemies don distroy and porshu una,
wetin una go kom do?
Aldo una wear red klot and gold kon paint una eye well,
but all doz tins nor mean anytin,
bikos di pipol wey una love well-well,
don rijet and won kill una.
31 I hear kry, like woman wey won born;
shaut like woman wey dey born en first pikin.
Jerusalem pipol dey find as dem go take breath
and naw, dem dey kry sey,
"Make una help us! Bikos na die wi dey so o-o!"

# 5

1 God sey, "Waka round Jerusalem street
kon shek for where pipol gada weda
una go si any good and raitious pesin.
If una si, I nor go ponish di town again.
2 Doh dis pipol dey swear with God name,
but di trut bi sey, dem nor mean wetin dem dey tok."
3 My God, shebi na trut Yu wont?
But even wen Yu ponish dis pipol,
dem still nor gri shange and wen Yu nearly distroy dem,
dem nor gri take korreshon.
Dia heart strong like rock and dem nor won turn from sin
kom meet Yu make Yu for forgive dem.
4 So I kon sey, "Na only poor and foolish pipol dey bihave like dis.
Dem dey bihave like fools, bikos dem nor know wetin God wont.
Dem nor know wetin dia God wont make dem do.
5 I go-go meet and tok to di leaders,
bikos dem know wetin God wont and wetin E sey make dem do."
But even dem too don rijet God and nor gri obey en kommand.
6 So just as lion dey attack oda animals for bush,
na so too dia enemies go attack dem
and just as wolf bi for desert,
na so too dem go distroy dem.
Na leopard go dey guide di town and if anybody won
kom out from di town,
dem go distroy am, bikos dia sin too many
and dem don turn from God.
7 God ask, "Jerusalem pipol!
Wetin nor go make mi ponish una wen e bi sey,
una leave mi kon go woship gods wey nor bi god at-all?
Even doh I dey give una evritin wey una wont,
una still dey bihave like wife wey go sleep with who
nor bi en husband and una dey stay with ashawo.
8 Una bi like horse wey dem feed well
wey still get long-trot;
each of una still dey find una neighbour wife
wey una go sleep with.
9 Naw, God sey, 'I go really ponish dem for evritin wey dem do.
Yes! I go bring sorrow and pain kom dis nashon!' "

10 So God kommand di enemies sey,
“Make una go distroy di vines for Israel
and di vineyard for Judah,
but nor distroy dem finish.
Kut dia branches komot,
bikos doz branches nor bi God own.
11 Dis na bikos, Israel and Judah pipol
nor dey faithful to mi again.”
Mi, wey bi God, don tok.
12 Dem deny wetin God tok kon sey,
“God nor go do anytin!
No bad tin go fit happen to us;
wi nor go ever si war or honga till wi die.
13 All wetin di profets tok nor mean anytin.
God nor tok thru dem,
so make wetin dem tok, happen to dem.”
14 But Oga God wey dey rule all of us kon tell mi,
“Bikos dis pipol tok like dis,
I go make yor words bi like fire.
Den, I go make dis pipol bi like wood
and di fire go burn dem.”
15 God sey, “Israel pipol, make una listin!
I dey bring enemies kom from far kountry kon attack una.
Na kountry wey strong well-well; wey I kreate since;
kountry wey una nor know or undastand dia language.
16 Dia sojas get pawa well-well and dem
nor dey sorry for pesin wen dem won kill-am.
17 Dem go chop evritin wey una plant and una animals too;
dem nor go leave one fruit for una vine tree.
Even doh una tink sey una dey save inside una strong town,
dem go distroy di town kon kill una shidren.
18 But I nor go distroy una finish.”
Dis na wetin God tok.
19 So Jeremaya, anytime wey yor pipol ask,
“Wetin make di Oga God ponish us like dis?
Make yu ansa, ‘Na bikos dem leave God go woship oda gods
for dia land and bikos of dat,
una must go serve as slave for anoda land.’ ”
20 God sey, “Go tell Jakob shidren-shidren
and all Judah pipol sey:
21 Make una listin, ‘Una bi fool and una nor get sense.
Una get eye, but una nor dey si;
una get ear, but una nor dey hear.’ ”
22 God sey, “Una nor suppose fear mi wey bi God?
Why una nor dey shake with fear wen una si mi?
Na mi make san as boundary for sea and dis san
nor go let di sea flow pass where I sey make e flow rish.
Di wave fit karry di sea up-and-down,
but e nor go fit pass der.
Di wave fit make nois,
but dem nor go fit pass di boundary.

23 But dis pipol sturbon and get strong heart.
Dem don leave mi go dia own way.
24 Dem neva even tell diasef wons sey,
'Make wi try fear di Oga wey bi awa God.
Bikos na-im dey send rain kom for harvest time.'
25 But, una sin don make mi stop to dey
give una all dis good tins.
26 Wiked men dey stay among my pipol,
dem dey wait like pipol wey dey spread net
to katch bird or set trap to katch pipol.
27 Just as hunta pak bird full kage,
na so dem pak money wey dem get thru wayo full dia house
and na dis make dem rish well-well kon get pawa.
28 Dem don fat and dey chop betta food.
Dem nor know wen to stop all di bad tins wey dem dey do.
Dem nor dey give doz wey nor get papa dia rite
or give betta judgement to doz wey dem dey opress.
29 So, I go really ponish dem for evritin wey dem do.
Yes! I go bring sorrow and pain kom dis nashon!"
30 Sirious tins wey go make pipol sopraiz and fear,
go happen for Judah:
31 Di profet dem dey lie;
di priests dey rule as dem like and my pipol like am like dat.
But di day wey wahala and distroshon go start,
na where dem go run go for help?

# 6

*Enemies For Jerusalem*

1 Benjamin pipol, make una run for una life!
Make una run komot from Jerusalem!
Make una blow trumpet for Tekoa kon put sign for Bet-Hakkerem,
bikos wahala and distroshon dey kom from nort.
2 I go distroy Zion,
even doh e fine well-well and honbol like yong woman.
3 Difren kings go kom attack am with dia sojas.
Dem go build dia tent round di town kon kamp for der.
4 Dem go sey, "Make una ready to attack Jerusalem!
Make una kom make wi go attack am for aftanoon."
But leta dem go still sey, "E too late,
evening don rish and di evening shadow don dey long.
5 So, make una kom make wi go attack
kon distroy all en strong-strong building for nite."
6 Dis na wetin Oga God wey dey mighty tok,
"Make una kut all di trees for Jerusalem trowey
kon build wall round am.
I must ponish dis town,
bikos opreshon full am.
7 Just as well dey bring fresh wota kom out,
na so too Jerusalem dey bring all en wikedness kom out.
I dey hear war and distroshon nois for di town

kon si wound and sickness for evriwhere.
8 So Jerusalem pipol, make dis one bi warnin to una,
if not, I go forget una
kon make una land empty and nobody go fit stay der."
9 Dis na wetin Oga God tell mi:
"Di pipol wey remain for Israel,
go bi like grape wey dem press well-well.
So make yu go shek di branches again
like sey na yu dey press di wine out.
Den, make yu save di ones
wey yu fit save naw wey time dey."
10 So I ansa,
"If I go warn and tok to dem,
na who go gri listin?
Dia ear block, so dem nor go hear mi,
bikos God word dey make dem vex well-well
and dem nor like am at-all.
11 My Oga God, just as Yu dey vex for dem,
na so too I dey vex and I nor fit hide my vexnashon again."
Den God sey,
"Di shidren wey dey play for di street
and di yong men wey gada togeda,
make yu pour my vexnashon for dia body.
Dem go seize and karry husband and wife go
and dem nor go even sorry for old pipol.
12 Dem go give dia house,
wifes and farms to anoda pesin.
I go ponish di pipol wey dey dis land.
13 Bikos both rish and poor pipol
dey make money with wayo.
Even profets and priests join dem
dey deceive pipol too.
14 Dem dey trit my pipol wound like sey na ordinary tin.
Dem sey, 'Evritin go dey okay!'
Wen dem know sey nor bi so e bi.
15 Shame dey katch dem
bikos of di wiked tins wey dem do?
No! Dem nor dey shame at-all.
Dem nor even sabi form sef!
So, dem go die just as odas die.
Dem go die finish,
afta I don ponish dem."
Mi, wey bi God, don tok.

### *Israel Pipol Rijet God*

16 God tell en pipol,
"Make una stop and look round.
Mi, wey bi God, don tok.
Ask for di old way wey bi God own
and make una follow am."
But dem ansa, "Dat nor bi di way wey wi like to follow!"
17 Den God sey,

"I choose profets make dem guide
and warn una about di trumpet sound!"
But di pipol ansa, "Wi nor won hear anytin!"
18 So God sey,
"Make all di nashons hear mi!
Make una bi witness to wetin go happen to dis pipol.
19 Pipol for dis eart! Make una hear dis word:
'I won bring wahala for dis pipol.
E go bi payment for dia wikedness,
bikos dem don rijet my law
and dem nor gri listin to wetin I tok.
20 Dia gift wey dem dey bring from Sheba
or di incense wey dem bring from far land nor mean anytin to mi.
I nor go fit asept dia ofrin again
and dia sakrifice nor fit make belle sweet mi.'
21 So God sey, 'I go send sojas kom distroy dem.
Papa, mama and shidren go die,
even friends and neighbours go die too.'

### *Wahala From Nort*

22 "God sey, 'Si, sojas dey kom from one land for nort;
one nashon wey dey far and dem dey ready to kom fight.
23 Dem karry bow and swod dey kom;
dem wiked well-well and dem nor dey sorry for pesin.
As dem dey ride dia horse,
e bi like sey na nois for sea and dem dey ready
to kom fight Jerusalem pipol.' "
24 I kry kon sey, "Wi don hear di news and fear dey katch us.
So naw, wi dey pass thru pain like woman wey won born.
25 So my pipol, make una nor go farm or travel go anywhere,
bikos di enemies dey der with dia swod
and dem dey kause wahala for evriwhere."
26 I still sey, "My pipol!
Make una wear sak klot and roll for groun.
Make una kry well-well and mourn
like sey una only pikin just die.
Bikos very soon,
doz wiked sojas go kom distroy all of us."
27 God tell mi,
"I don choose yu to test my pipol
like who dey test iron,
den yu go kom tell mi wetin dem bi like."
28 I ansa,
"Dem bi sturbon and wiked pipol;
dia heart strong like bronze and iron.
Dem dey lie waka
and na so-so bad-bad tins dem dey do."
29 Di judgement fire dey burn
and e go distroy many yuzles tins.
So e dey yuzles to dey try to klean my pipol,
bikos wiked pipol still dey among dem.
30 Dem go koll dem yuzles silva,

bikos mi wey bi God, don rijet dem.

# 7

### *Jeremaya Prish For Di Temple*

1 God tell Jeremaya: 2 "Make yu stand for di temple gate kon shaut tok
dis message: 'Judah pipol wey dey pass thru dis gates kom woship God,
make una listin! Make una hear wetin God won tok. 3 Oga wey bi Israel
God wey dey rule all of us sey, Make una shange from di kind life wey una
dey live kon do di rite tin. If una shange, I go allow una stay for dis land.'
4 Make una nor bilive di lie wey make una dey sey, 'Wi dey save, bikos God
temple dey here! Yes! God temple dey here!' 5 Make una shange from di
kind life wey una dey live kon dey do di rite tin. Make una respet each
oda too. 6 Make una stop to opress di strenjas among una; shidren wey
nor get papa and mama and wimen wey dia husband don die. Make una
stop to kill innocent pipol and woship oda gods, bikos e go distroy una. 7 If
una stop to do all dis tins, I go allow una stay for dis land wey I give una
grand-grand papa as dia propaty.
8 "But make una si una life! Una dey bilive lie-lie words wey nor go save
una. 9 Una dey tif; kill; dey sleep with who una nor marry; dey lie; dey
swear; dey offa sakrifice give juju and dey woship gods wey una nor know
before. 10 Wen una don do all dis tins wey I hate finish, una go kom stand
for my present inside my temple kon dey sey, 'Wi dey save!' Una tink sey
una really dey save wen una dey do all di tins wey I hate? 11 God sey, Una
tink sey my temple na where tif dey hide put? Make una know sey I don
si wetin una dey do. 12 Make una go Shiloh, di place wey I first choose
sey dem go for dey woship mi. Make una si wetin I do for der bikos of di
wiked tins wey my pipol Israel, do. 13 Una don do all dis tins and even as
I tok to una rish, una nor gri listin or ansa wen I koll una make una turn
kom meet mi. 14 So, just as I distroy Shiloh, na so too I go distroy dis my
temple wey una trust sey go protet una, even doh I bin gi-am to una and
una grand-grand papa. 15 Just as I porshu Israel pipol wey bi una relashon,
na so too, I go porshu una komot from my front.
Mi, Oga God, don tok."

### *Di Pipol Nor Agri Obey*

16 Den God tell mi, "Jeremaya! Make yu nor pray for dis pipol. Make yu
nor kry or pray give mi bikos of dem! Nor beg make I save dem, bikos I
nor go listin to yu. 17 Abi yu nor dey si all wetin dem dey do for Judah and
for evry street for Jerusalem? 18 Dia shidren dey gada firewood; men dey
make di fire and di wimen dey mix flower wey dem go take bake kake for
dat juju wey dem dey koll, 'Heaven Kween.' Dem still dey pour wine give
oda gods as ofrin and dis tin dey make mi vex. 19 Na mi, dem tink sey dem
dey do? 'No!' Na demsef dem dey bring wahala and shame kom meet."
20 So, di Oga God sey, "I go pour my vexnashon for dis land. I go pour
am put for both pipol and animals body and even di trees and food wey
dem plant. My vexnashon go burn like fire and nobody go fit kwensh am."
21 God still tell Judah pipol, "Una fit still go put una burnt ofrin join di
oda sakrifice kon chop all of dem! 22 Si, wen I bring una grand-grand papa
dem kom out from Egypt kon tok to dem, I nor only kommand dem for

wetin dem go do koncerning di burnt ofrin and sakrifice. 23 But I kommand
dem sey, 'Make una obey mi and if una obey mi, I go bi una God and una
go bi my pipol. Make una live una life as I tell una and evritin go betta for
una.' 24 But dem nor gri listin or hear mi. Dem dey do wetin dia sturbon
and wiked heart sey make dem do. Instead make dem dey betta, dem
kon worse pass as dem bi before. 25 Since una grand-grand papa kom out
from Egypt kon rish naw, I dey always send my savants, di profets kom
meet una. 26 But nobody among una dey listin or hear dem. Instead, una
sturbon and wiked pass una grand-grand papa."

27 Den God tell mi, "Even wen yu don tell dem all dis tins finish, dem
nor go still listin to yu; yu go koll dem, but dem nor go ansa yu."

28 So tell dem sey: "Dis na nashon wey nor gri obey di Oga dia God or
learn from dia wahala. Nobody for der dey good and di pipol nor dey even
tok about good tins again. 29 So, Jerusalem pipol! Make una mourn and
kut una hair. Make una sing burial song on-top evry hill, bikos God sey, 'I
go rijet and forget dis pipol, bikos dem don make mi vex.' "

30 God sey, "I don rijet Judah pipol, bikos of di wiked tins wey dem do.
Dia juju wey I hate, dem put am for my temple kon make di temple dirty.
31 And dem even build where dem go for dey woship for Tofet wey dey
Ben-Hinnom Valley, so dat dem go fit sakrifice dia shidren give juju for
der. Dis na wetin I sey make dem nor do! True-true, dat kind tin neva
even enter my mind to tell dem. 32 So, di time dey kom wen dem nor go
koll dat place, 'Tofet or Hinnom Valley again', but dem go koll am, 'Valley
where dem for dey kill pipol.' Dem go beri pipol for der, bikos know oda
place go dey to beri pipol put. 33 Den dis wiked pipol dead body go dey for
groun and birds with wild animals go chop am. Nobody go remain for der
to porshu di animals. 34 For Judah town and Jerusalem street, I go make
sure sey nobody dey shaut or happy with joy sey pesin dey marry. Dis na
bikos di whole land dey empty and dirty don full der."

# 8

1 God sey, "Wen dat time rish, Judah kings with en ofisas, priests, profets
and doz wey stay Jerusalem before dem die, make yu dig dia bones kom
out from dia graves. 2 Den, put dem under sun, moon and stars. Bikos dis
na di tins wey dem love; tins wey dem dey woship, serve and koll make
e kom guide dem. Nobody go gada dis pipol bones go beri again; so dem
go bi like manure wey dem pour for groun. 3 But I nor go kill dis wiked
pipol finish, instead I go skata dem go difren place where dem go for dey
beg make dem die.

Mi, wey bi God, don tok."

### *Sin And Ponishment*

4 God sey make I ask dem,
"Pesin wey fall, nor dey get up again?
Abi, pesin wey miss road,
nor dey turn back go pass di korrect road?
5 Den, wen dis pipol turn from mi,
why dem nor turn back kom meet mi?
Instead, dem whole dia juju tight
and nor gri turn kom meet mi.
6 I don listin to dem well-well,

but dem nor dey tok trut.
Nobody among dem dey feel bad for di bad tins wey dem do;
no one among dem ask sey,
'Wetin bi di bad tin wey I do?'
Instead, all of dem just dey do wetin dem wont
like sey dem bi horse wey dey rush go fight.
7 Just as bird for sky know wen to fly,
na so too, dove, swallow and crane
know wen to shange pozishon.
But my pipol nor gri do wetin mi, wey
bi God sey make dem do.
8 How una go sey, 'Wi wise well-well
and wi know God law, wen e bi sey,
doz wey dey tish di law,
don shange wetin e really mean?'
9 Shame go katch una wise men,
dem go konfuse and God go judge dem,
bikos dem don rijet wetin E tok.
Na wish kind sense dem tink sey dem get sef?
10 So, I go give dia wifes to oda men
kon give dia farm to oda pipol.
I go do am, bikos both rish and poor pipol
dey use wayo take dey get dia money.
Even profets and priests don join
dey deceive pipol too.
11 Dem dey trit my pipol wound
like sey na ordinary tin.
Dem sey, 'Evritin go dey okay!'
Even wen dem know sey nor bi so e go bi.
12 Dem dey shame sey dem do dis kind wiked tins?
'No!' Dem nor dey shame at-all;
dem nor even sabi form sef!
Bikos of dis, just as pipol wey don die,
na so too dem go die finish afta I don ponish dem."
Mi, wey bi God, don tok.
13 "I bin won gada my pipol,
just as farmers dey gada wetin e harvest,
but dem bi like vine wey nor get grape
or dry fig tree wey nor get fig.
Bikos of dis,
I go let strenjas take dia land."

### *Wahala Dey Kom*

14 Di pipol kon ask demsef,
"Wetin make us just sidan for here?
Make wi run go di strong towns,
so dat even if wi go die,
den wi go fight die for der.
Since di Oga awa God don sey wi go die;
E don give us poizin drink,
bikos wi sin against am.
15 Even wen wi pray for peace,

na wahala dey follow us.
Wi bilive sey wi go rest small,
but na trobol dey porshu us.
16 Awa enemies don already dey Dan town;
wi dey hear dia horse nois and as di whole town dey shake.
Awa enemies dey kom distroy awa land.
Dem dey kom distroy awa town and evribody wey dey inside."
17 God sey,
"Yes! I dey send enemies kon distroy una
and dem bi like wiked snake
and nobody go fit stop dem.
Dem go wound and kill una well-well."

### *Jeremaya Sorry For Di Pipol*

18 Den I sey,
"Nobody fit cure my pain
bikos my heart heavy well-well.
19 I dey hear my pipol dey kry for evriwhere for di land sey,
'God nor dey Zion?
Abi Zion king nor dey der again?' "
But God ansa,
"Wetin make una go woship juju
kon make mi vex?"
20 But di pipol kon kry sey,
"Dry sizin and harvest time don kom go,
yet nobody kom save us."
21 My heart dey feel pain,
bikos my pipol heart heavy;
I dey kry well-well and fear dey katch mi.
22 Medicine nor dey Gilead again?
Doctors don finish for here?
If dem dey, wetin make dem neva cure my pipol?

## 9

1 I wish sey my head bi like well wey wota full
and my eyes bi like fountain where wota for dey rush kom out,
den I go kry well-well both day and nite
for my pipol wey dem kill.
2 I wish sey I get where I fit go stay for desert;
I for go, so dat my pipol nor go fit si mi,
bikos dem nor dey faithful to God.

### *Judgement For Sinnas*

3 God sey,
"Dis pipol bi like sojas
wey don ready dia bows.
Dem always dey ready to lie,
bikos of dis, dem don get pawa for di land,
but na wayo dem take get am.
Dem don do many bad tins
and dem nor dey tink of mi wey bi dia God.
4 Make evribody dey kareful of en friends
and make yu nor trust yor broda,

bikos even broda dey shit en broda.
And friends dey lie against each oda well-well.
5 Friends dey deceive friends
and nobody dey tok trut.
Dem don train demsef to dey lie
and do bad tins.
Dem nor gri turn from sin
kom meet God.
6 Just as dem dey do one wiked tin finish,
na so dem dey start anoda one.
Dis pipol nor gri listin to mi wey bi God."
7 So God wey dey rule evritin kon sey,
"Like iron, na so too I go melt
and test my pipol for fire,
bikos dem don do wiked tins well-well.
Abi na how I won do dem pass?
8 Dia mout sharp like arrow
and na so-so lie full am.
Dem dey tok well with dia neighbours,
but for dia mind,
na trap dem dey set for di pesin.
9 Make I nor ponish dem for all dis tins wey dem do?
Abi make I nor distroy nashon wey bi like dis?"
Mi, wey bi God, don tok.
10 So I kon sey,
"I go kry and mourn for di grass wey dey on-top mountin,
bikos dem don dry and nobody dey travel pass der again.
Dem nor dey hear fawol nois for der again
and even bird and wild animals, don fly komot der."
11 God sey,
"I go pak dirty full Jerusalem and jackals go dey stay der,
den I go turn Judah town to desert where nobody dey stay."
12 So I ask,
"Na who wise rish to undastand
wetin make dis tins happen?
Na who God don tell wey fit esplain
why e bi like dis?
Wetin make di land skata kon dry like desert
wey pipol nor fit travel pass?"
13 God ansa,
"Dis tins happen,
bikos my pipol rijet di law wey I give dem.
Dem nor gri obey
or do wetin I sey make dem do.
14 Instead, dem get strong heart
kon dey woship Baal,
just as dia grand-grand papa tish dem.
15 So, make yu listin to wetin mi,
Israel God wey get pawa go do:
'I go make dis pipol chop bitter food
kon make dem drink di judgement wota wey get poizin.
16 I go skata dem go difren nashons wey dem

or dia grand-grand papa neva hear of before
kon send sojas go fight dem,
until I don distroy dem finish.' "

*Jerusalem Pipol Cry For Help*

17 God wey dey rule evritin sey make I tell dis pipol,
"Make yu nor forget wetin I won tok so!
Make yu koll di wimen and doz wey sabi kry
and sing beri song, kom."
18 So I sey, "Yes! Make dem kwik kom
sing beri song for us,
so dat wi go kry and mourn well-well.
19 Make una hear Zion pipol dey kry:
'Wi don die finish!
Dem don disgrace us well-well!
Wi must komot from awa land,
bikos awa house don skata.' "
20 I still sey, "Naw, wimen!
Make una listin and hear wetin God dey tok.
Make una tish una dotas and friends
how to kry and sing beri song.
21 Bikos deat don klimb pass awa windows.
E don enter awa house wey dem guide well.
E don kill awa shidren wey dey play for di street
and di yong men wey dey di town centre."
22 Make una tell una dotas and neighbours wetin God tok:
"Dead body go full evriwhere like manure
wey dem skata for farm or korn wey dem gada for groun."
23 God sey, "Make wise pipol nor dey boast,
bikos dem wise and make doz wey strong,
nor boast sey dem get pawa.
Make doz wey get money,
nor boast with di money wey dem get.
24 If anybody won boast,
make e boast sey e know and undastand mi,
bikos my love dey forever and I dey do wetin dey korrect and true.
I like pipol wey dey do dis kind tin.
Mi, wey bi God, don tok."
25 God sey,
"Doz wey dem sekonsaiz,
but nor dey keep di kovenant wey make dem sekonsaiz dem,
time dey kom wen I go ponish dem.
26 I go ponish Egypt, Judah, Edom, Ammon, Moab
and di pipol for desert wey kut dia hair short for di temple.
Even for Israel, nobody wey dem sekonsaiz,
keep my kovenant for en heart."

# 10

*Di True Woship*

1 Israel pipol, make una listin to wetin God dey tell una. 2 Di Oga una
God sey,

“Make una nor do wetin oda nashons dey do;
make una nor let doz signs for sky disturb una mind,
even if oda nashons dey fear am,
3 bikos dia relijon dey yuzles.
Dem dey kut wood from forest
kon gi-am to pesin wey dey karve
and e go karve image with di wood;
4 use silva and gold take dekorate am
kon nail am make e for nor fall.
5 Dat kind juju bi like image for farm
where dem plant melon put.
Di juju nor dey tok;
dem must karry am waka,
bikos e nor get leg.
But make una nor fear dem,
bikos dem nor go fit wound or help una.”
6 I sey,
“My God! Nobody bi like Yu.
Yu dey mighty and yor name dey great with pawa.
7 E nor get who nor dey fear Yu,
bikos na Yu kreate evritin.
Nobody bi like Yu for di whole world.
Even kings and wise men nor rish Yu.
8 Evribody for dis world na fool
and dem nor get sense.
Wetin dem fit learn from juju
wey dem make from wood?
9 Na silva and gold from Spain and Ufaz
dem take kover di juju.
Na doz wey sabi karve make am with dia hand
kon dress am with violet and purpol klot wey dem weave.
10 But na only Yu Oga,
bi di true God.
Di God wey dey alive
and Yu go rule forever.
Anytime Yu dey vex,
di world dey shake
and nobody fit stand wen Yu dey vex.
11 So Israel pipol make una tell di oda nashons sey:
‘Nor bi doz gods make di heavens and di eart.
So dem go disappear komot from di eart and heavens.’
12 Na God make di eart with en pawa;
na-im wisdom and undastandin
E take kreate di heavens and eart.
13 Wen E kommand,
en vois dey sound like tonda and di wota for heaven
go make nois like lion vois.
E dey make kloud kom out from where di eart for end.
E dey bring tonda lite wen rain dey fall
and E dey make breeze blow
kom from where E keep dem put.
14 All dis bad tins kon turn di pipol to fool

and dem nor get sense again.
So, disgrace go follow doz wey dey make juju,
bikos di juju na lie-lie and dem nor get life at-all.
15 Di juju dey yuzles,
so make dem distroy dem trowey
and time dey kom
wen God go ponish and distroy all of dem.
16 Jakob God nor bi like dem;
na-im kreate evritin
and E don choose Israel as en own pipol.
En name na God wey dey mighty."

### *Distroshon Wey Dey Kom*

17 Jerusalem pipol!
Make una pak una tins!
Make una run komot di land,
bikos una enemies don surround una.
18 God sey,
"I go trow una komot for dis land.
Yes! I go kill all of una finish."
19 So I kry,
"Wi don die finish!
Awa own worse well-well o-o!
Wi tink sey wi go fit bear dis one.
20 Dem don distroy awa house
and di rope wey bin whole di house togeda,
don kut.
Dem don karry awa shidren go as slave
and dem nor go kom back again,
bikos of dat,
nobody dey to help us build awa house
or hang di curtains again."
21 But I still sey,
"Dat na bikos awa leaders nor get sense.
Dem nor gri go meet God make E tell dem
wetin dem go do.
So dem kon do tins like fools
and all di pipol wey dem dey lead,
don skata finish.
22 So make una listin!
One news dey kom naw!
Wahala dey kom from di nashons for nort!
Dia sojas don skata and turn Judah town
to desert where animals dey stay.
23 My Oga God,
wi know sey pipol nor fit kontrol dia own destini
and dem nor get di pawa to know
wetin go happen to dem.
24 Abeg God,
make Yu korrect wi wey bi yor pipol.
Make Yu nor ponish us
bikos Yu dey vex, if not,

all of us go die finish.
25 Make Yu vex well-well
for di nashons wey nor gri woship Yu
and doz wey rijet Yu,
bikos dem don kill and distroy yor pipol finish
kon turn awa land to desert."

# 11

*Judah Pipol Break Di Kovenant*

1 God tell Jeremaya: 2 "Make yu hear di kovenant wey I make with Israel
pipol, den go tell Judah and Jerusalem pipol about am. 3 Tell dem sey,
'Di Oga wey bi Israel God sey, "Curse go follow doz wey nor gri obey di
kovenant." 4 Wen I take Israel, my pipol komot from Egypt where di land
bi like fire for dia body, na der I for make kovenant with dem. I tell dem
make dem obey and do evritin wey I kommand. I still sey, if dem obey mi,
dem go bi my pipol and I go bi dia God. 5 Den I go keep di promise wey I
make with dia grand-grand papa kon give dem betta land. And na di land
una dey today so.' " Den I sey, "Amen! My Oga God, make e bi as Yu tok!"
6 God tell mi, "Make yu go Judah town and Jerusalem street kon tell di
pipol sey, 'Make una listin and obey my kommand!' 7 Bikos, since I take
una grand-grand papa komot from Egypt, I warn dem by mysef sey make
dem obey mi and naw, I still dey warn una. 8 But dem nor gri listin or
obey mi. Instead, dem dey do as dia sturbon and wiked heart tell dem. Na
dis make mi curse dem, bikos of my kovenant and dem nor gri do wetin I
kommand."
9 Den God tell mi, "Judah and Jerusalem pipol dey plan against mi.
10 Dem don kontinue di wiked tins wey dia grand-grand papa dem do
before, wey make dem nor obey my kommand. Demsef don dey woship
oda gods. Both Israel and Judah pipol don break di kovenant wey I make
with dia grand-grand papa. 11 So, mi wey bi God sey: 'I go soon distroy
dem and dem nor go fit eskape. I nor go listin to dem wen dem kry kom
meet mi for help.' 12 Den, Judah and Jerusalem pipol go kry go meet di
gods wey dem dey sakrifice to, so dat dem go kom help dem. But doz gods
nor go fit save dem wen di wahala start. 13 Judah pipol gods plenty, just
as di towns wey dem get. And as Jerusalem street plenty rish, na so too di
altar wey dem build for Baal juju, plenty too. 14 So, Jeremaya my profet!
Make yu nor pray or beg mi bikos of dis pipol. Wen dem dey trobol, make
dem nor koll mi for help, bikos I nor go listin to dem."
15 God tell Judah pipol,
"Di pipol wey I love dey do wiked tins,
so wish rite una get wey make una dey kom my temple?
Una tink sey una fit offa sakrifice to stop all
di bad tins wey una don do?
Una dey happy to do wiked tins
even wen una dey offa di sakrifice.
16 I don first koll una olive tree
wey get many fine fruit and leaf.
But naw, I go kom like tonda kon put fire
and e go burn di leaf, den break di branches dem.
17 Mi, God wey dey mighty,

na mi kreate una for Israel and Judah
and I go bring wahala kom meet una.
Yes! Na una kause dis wahala for unasef,
bikos una don sin;
una make mi vex wen una offa sakrifice
give Baal juju."

### *Plan Against Jeremaya*

18 God give mi sense
make I for fit undastand evritin,
den E show mi wetin di pipol dey do.
19 Before dis time,
I bi like lamb wey dem won go kill,
even doh I nor know anytin.
I nor know sey na mi dem
dey plan dis kind wiked tin for.
Dem bin sey, "Make wi kut di tree naw
wey e still dey fresh;
make wi kill-am,
so dat nobody go remember am again."
20 So I pray to God:
"My Oga God wey dey rule all of us;
yor judgement na true
and Yu dey si wetin pipol dey tink for dia heart.
Make Yu fight dis pipol for mi,
bikos my life dey yor hand."

21 Den God tell mi about some men from Anatot wey wont make dem
kill mi. Dem don treaten mi sey, "Make yu stop to tok about God, if not, wi
go kill yu!" 22 So God wey dey mighty sey, "I go ponish dem! Dem go kill
dia yong men for war and na honga go kill dia shidren. 23 I don choose di
time wen I go bring dis wahala kom meet Anatot pipol and wen dat time
rish, nobody among dem go survive."

## 12

### *Jeremaya Komplain Give God*

1 My God, Yu dey always trit mi well
anytime wey I komplain give Yu.
But I ask Yu one kweshon
about good judgement:
"Why e bi sey wiked pipol dey prosper
and pipol wey nor dey honest, dey susid?
2 Na Yu plant dem like tree
kon make dia rut strong for groun
and dem dey grow and bear betta fruit.
Dem dey always tok about Yu
even doh dem nor kare about Yu.
3 But my God,
Yu know mi!
Yu dey si evritin wey I dey do
and how I love Yu rish.
Make Yu take dis wiked pipol
komot like sheep wey dem won go kill.

Tell us wen dem go die.
4 Na how long awa land
and di grass for di farm go dey dry?
Awa animals and birds dey die,
bikos of dis pipol wikedness!
Pipol wey sey, 'God nor dey si
wetin wi dey do.' "
5 Den God ansa,
"Jeremaya, if yu don taya to follow dis pipol run,
how yu won take follow horse run?
If yu nor fit stand for open land,
how yu won take stay for forest near Jordan?
6 Even yor own brodas and family
dey against yu;
dem don join doz wey won kill yu.
Make yu nor trust dem,
even doh dem dey trit yu well."
7 God still sey,
"I don forget Israel pipol
and rijet di nashon wey I choose.
Doz wey I love,
I don give dem to dia enemies.
8 Pipol wey I koll my own
don turn against mi like lion for forest;
di way dem dey tok to mi,
bi like wen lion dey shaut.
So I go trit dem like sey I hate dem.
9 My pipol attack mi like birds or hyenas
and oda wiked birds dey with dem.
So make all di nashons gada like wiked animals
kon distroy dis pipol wey I koll my own.
10 Naw, strenjas go distroy my vineyard;
skata my farm kon turn di land wey I love
to where nobody dey stay.
11 Dem don turn am to wildaness.
Di land empty and dey yuzles to mi.
Di whole land don turn desert
and e nor koncern anybody.
12 Pipol don tif all di tins
wey dey di land.
I send sojas go distroy di land
and nobody for der go get peace.
13 My pipol go plant korn,
but na grass dem go gada.
Even doh dem work hard,
nor-tin go show sey dem work,
bikos I dey vex for dem,
so dia food wey dem plant, nor go grow."
14 God sey, "I still get sometin wey I won tok about di wiked nashons
wey surround Israel; di nashon wey distroy di land wey I give my pipol. I
go rut dem from dia kountry like tree wey dem rut komot for groun, den I
go save Judah pipol. 15 Afta I don take dem komot dia land, I go sorry for

dem kon bring each nashon kom back to en own land again. 16 But dem
must first asept my pipol relijon with dia heart and as dem make my pipol
swear with dia Baal juju, na so too, dem go use my name take swear kon
sey: 'Wi swear with God wey nor dey die.' If dem do all dis tins, I go add
dem join my pipol. 17 But I go rut and distroy any of doz nashons wey nor
gri obey mi."

Mi, wey bi God, don tok.

# 13

*Jeremaya Wear Nika*

1 God tell mi, "Go buy and wear one short nika wey dem make with
linen and make yu nor wosh am." 2 So, I kon go buy and wear am just as
Oga God tok. 3 Den God tell mi again sey, 4 "Di short nika wey yu buy and
wear so, pul and take am go Perat. Dig and hide am for one hole wey dey
di rock near Eufrates River." 5 So I kon go hide am for Perat just as Oga
God tok. 6 Afta, God kon sey, "Go back go kollect di short nika for where
yu beri and hide am put." 7 So I go di place kon dig di nika kom out, but I
notis sey di nika don skata and tear well-well.

8 Den God tell mi, 9 "Na so I go take distroy Judah and Jerusalem pipol
pride. 10 Dis wiked pipol nor gri obey mi. Dem dey follow dia sturbon and
wiked heart kon dey woship and serve oda gods. So dem go bi like dis
nika wey nor get value again. 11 Just as nika fine and dey tight pesin for
waist, na so I wont make Israel and Jerusalem pipol whole mi tight. So dat
dem go bi my pipol wey go dey praiz and honor my name; but dem nor
gri obey mi."

12 Di Oga wey bi Israel God kon tell mi, "Jeremaya, if yu tell Israel pipol
make dem pour wine full dia wine pot, dem go ansa yu, 'Yes! Wi know sey
wine suppose full awa pot.' 13 Den, yu go tell dem, 'All di pipol wey dey
dis land, God go give dem wine drink until di wine don katch dem: both
di kings wey kom from David family, di priests, profets and all Jerusalem
pipol.' 14 E go skata dem like pot wey fall press each oda kon break. Na so
too shidren go bi to dia papa and mama. I nor go pity or sorry for dem. I
must distroy dem and nor-tin go fit stop mi."

*God Warnin*

15 Den I tell Israel pipol,
"God don tok!
So make una dey honbol and listin to am!
16 Make una respet di Oga una God,
before E go bring darkness
wey go make una kick stone fall on-top mountins!
Make una respet am,
before E go turn una lite to darkness.
17 But as una nor gri listin,
I dey kry for sekret,
bikos of una pride;
I go kry well-well till I nor fit kry again,
bikos dem don karry God pipol go as slave."

18 God tell mi,
"Make yu go tell di king and en mama sey,

make dem komot for di throne,
bikos dia fine crown don fall
komot for dia head.
19 Enemies don surround Judah town wey dey sout
and nobody go fit enter or go outside.
Dem go karry evribody for Judah go as slave."
20 Jerusalem pipol, make una si,
una enemies dey pass nort dey kom!
Where di pipol wey dey kare for una,
di pipol wey make una dey proud?
21 Wetin una go tok wen di pipol wey una bin tink
sey bi una friends katch,
distroy and kon dey rule una?
E go pain una
like woman wey won born?
22 And wen una ask, "Wetin make all dis tins
dey happen to us?
Why dem tear awa klot komot from awa body
kon trit us like ashawo?
Na bikos of sin?"
Yes! Na bikos una don sin.
23 Black man fit shange en skin kolour,
abi leopard fit komot di mark wey dey en body?
If dem nor fit,
den e go hard for wiked pesin to do good,
bikos na only to do bad tins, e sabi.
24 So dat na why God go skata una
like dirty wey strong breeze blow trowey.
25 E sey dis na wetin go happen to una,
bikos una forget am kon trust lie-lie gods.
26 Na only God go tear una klot
komot for una body kon disgrace una.
27 Jerusalem pipol!
I don si as una dey do ashawo waka
and as una dey run follow difren juju
for fields and for evry hill.
Naw, make una si di wahala
wey dey wait una.
So, una go ever dey klean
to woship mi again?

# 14

*Rain Nor Go Fall*

1 Dis na wetin God tell Jeremaya about rain wey nor go fall.
2 "Judah dey mourn and en pipol dey die anyhow;
en pipol sleep for groun dey kry.
Yes, Jerusalem pipol dey kry for help.
3 Rish pipol send dia savant go fetch wota for well,
but dem nor si wota fetch,
so dem kom back with dia empty kontaina.
Dem kover dia face,

bikos dem dey shame and dey konfuse.
4 Rain nor fall since so dia land dey strong
and doz wey dey plant, don taya
and dem nor know wetin to do.
5 Even deer dey waka
leave di pikin wey e just born for field,
bikos e nor si grass chop.
6 Wiked donkey stand on-top hill
dey breath fast-fast like jackals;
dem nor dey si well again,
bikos dem nor si food chop."
7 Den I ansa,
"My God, even doh awa sins dey tok against us,
make Yu kom save us
bikos of di honor for yor name.
True-true, wi don turn from Yu
many times and sin against Yu.
8 Yet, na Yu bi di only hope wey Israel get;
na Yu save us from wahala.
So naw, why Yu kon bi like strenja for awa land
or like pesin wey dey travel
kon branch stay for one nite?
9 Why Yu bi like pesin wey nor know before dem attack am
or like sojas wey nor fit save pesin?
But my God, Yu still really dey with us!
Wi bi yor pipol, abeg,
make Yu nor abandon us."
10 God tok about dis pipol sey:
"Dem dey run from mi
and dem nor dey kontrol demsef.
So, I nor dey happy with dem.
I go remember all di bad-bad tins
wey dem don do kon ponish dem,
bikos of dia sin."
11 God tell mi, "Nor beg mi sey, make I help dis pipol. 12 Even if dem fast,
I nor go listin to dia kry for help and if dem offa burnt and korn ofrin, I
nor go asept am. Instead I go kill dem for war and with diziz and honga."
13 Den I sey, "My Oga God, di profets tell di pipol sey, 'Una nor go si war
again and honga go vanish from una land. God go give una peace forever
and una go prosper for di land.' "
14 But God ansa, "Doz profet dey lie with my name; I nor send dem or
tell dem sey make dem tell di pipol anytin. Nor bi mi give dem di vishon
wey dem dey tok about and wetin dem tok, na di yuzles tins wey dem tink
for dia own mind. 15 I nor send doz profets, even doh dem dey lie with my
name. Dem fit dey sey, 'War and honga nor go dey for di land.' But dis na
wetin mi wey bi Oga God dey tok about dem: 'Na war and honga go kill
doz profets.' 16 And di pipol wey dis fake profets dey profesai to, na war
and honga go kill dem too. Dem go trow dia dead body for evriwhere for
Jerusalem street and nobody go dey to beri dem. Dis tin go happen to all
of dem, dia wifes and dia shidren. I go make dem pay for all di bad-bad
tins wey dem dey do."

17 God sey make I tell di pipol dis word:
“I dey kry both day and nite
and nor-tin fit stop mi,
bikos my pipol don wound
and dia sore deep well-well.
18 Anytime I dey strol outside di town,
doz wey dem kill for war,
na dia dead body I dey si for road
and wen I enter di town,
I go still si sey pipol dey die,
bikos dem nor si food chop.
Profet and priest dey do dia work,
but dem nor know wetin dem dey do.”
19 Den I sey,
“My God, Yu don forget Judah pipol?
Na so Yu hate Zion town?
Wetin make Yu dey do us like dis,
sotey wi nor dey okay again?
Wi dey hope for peace,
but na wahala wi dey si.
Wi dey bilive sey wi go well,
instead na trobol dey follow us.
20 Wi don sin against Yu wey bi God;
so wi dey konfess awa sins
and di ones wey awa grand-grand papa dem kommit.
21 Make Yu remember yor promise and nor hate us.
Nor disgrace Jerusalem,
di place wey yor throne wey get glory, dey.
Abeg, make Yu nor break di kovenant
wey Yu make with us.
22 Just as no one among di juju
for dis nashon fit bring rain,
na so too di sky
nor fit make rain fall by ensef.
So wi don put awa hope for yor hand.
Na Yu bi awa God,
bikos na only Yu fit do all dis tins.”

# 15

### *Wahala For Judah Pipol*

1 Den God tell mi, “Even if Moses and Samuel stand here dey beg for dis
pipol, I nor go listin or sorry for dem. So make yu take dem komot for my
front kon tell dem make dem dey go! 2 If dem ask yu, ‘Where wi won go?’
Tell dem sey, ‘God sey:
“ ‘ “Pipol wey dem don sey, na diziz go kill,
na diziz go really kill dem.
Doz wey dem sey go die for war,
go really die for war.
Doz wey dem sey na honga go kill,
na honga go kill dem
and doz wey dem sey dem go katch go as slave,

dem go katch dem go." '
3 " 'Mi, wey bi God sey, "I go ponish dem for four difren ways: I go make
dem die for war. I go allow dog karry dia dead body. I go allow birds
and wiked animals chop dia flesh 4 and I go make all di pipol for di world
dey fear, bikos of wetin happen. Dem go fear, bikos of wetin Judah king,
Hezekaya wey Manasseh born, do for Jerusalem." ' "
5 God sey,
"Jerusalem pipol, who go sorry and pity for una?
Who go stop kon ask, how una dey?
6 Una don rijet and turn from mi
and na dis make mi vex
kon bring wahala for una.
I don taya to dey sorry for una."
7 God still sey,
"Just as breeze dey blow and skata dirty for evriwhere,
na so too I go skata una for evriwhere for di eart.
I go distroy una wey bi my pipol
kon kill una shidren,
bikos una nor gri stop di bad-bad tins
wey una dey do.
8 Wimen wey dia husband go die,
go plenty pass san-san wey dey near wotaside.
I go kill una yong men for aftanoon
kon make dia mama sofa.
Na mi make dem dey sofa
and fear go katch dem well-well.
9 Di woman wey bin get seven shidren, go faint.
E nor go fit breath well again.
Naw wey e suppose to dey enjoy life,
dem don take en pride and joy from am.
E go bi like sey evening don rish
even doh sun still dey shine well-well.
Na shame and disgrace go follow am.
And any of dem wey still dey alive,
I go make dia enemies kill dem for war."
Mi, wey bi God, don tok.

### *Jeremaya Komplain Give God*

10 I kon sey,
"Si as I dey vex!
Wetin make my mama born mi at-all?
Must I kworel and argue with evribody for di land!
I neva ever borrow from pesin or borrow pesin money,
yet evribody dey curse mi."
11 God ansa,
"I go diliver and save Jerusalem from evry attack
even doh I allow dia enemies karry dem go,
so dat dem go learn.
But wen una enemies dey trobol,
dem go run kom meet una sey make una help dem.
12 Una wey bi like iron and bronze,

una fit break di iron wey dey nort?
13 I go send enemies kom tif una propaty
and dis go bi ponishment for di sins
wey una kommit for di land.
14 I go make una serve una enemies for strenj land,
bikos my vexnashon bi like fire
and e go burn forever.”
15 Den I ansa,
“My God! Yu know as I dey sofa.
Abeg make Yu remember kon help mi.
Make Yu revensh
doz wey dey tok bad against mi.
Nor sorry for dem,
so dat dem nor go kill mi.
Make Yu remember sey na bikos of Yu,
dem dey curse mi.
16 My Oga God wey dey mighty,
anytime Yu dey tok to mi,
I dey listin well-well
and na joy and happiness full my heart,
bikos I bi yor own.
17 I nor dey spend my time to play
and enjoy mysef with oda pipol.
I dey always dey alone;
dey obey yor word
and I dey vex for evil pipol,
bikos of wetin dem don do.
18 So, wetin make mi still dey sofa?
Why I go dey bear dia curse like sore wey nor get cure?
Yu dey plan to leave mi
like stream wey dry?”
19 Bikos of dis, God kon sey,
“If yu turn from sin kom meet God
kon stop wetin yu dey tok and tink,
I go take yu back
and yu go bi my savant again.
If yu stop to tok anyhow,
yu go bi my profet again.
Den di pipol go won bi like yu
and yu nor go bi like dem.
20 Bikos of dem,
I go make yu bi like strong wall.
Dem go fight yu,
but dem nor go fit win.
I dey with yu;
I go protet and save yu.
21 I go save yu from wiked pipol
and doz wey like trobol.”
Mi, wey bi God, don tok.

# 16

### *God And Jeremaya*

1 God tell mi, 2 Jeremaya, make yu nor marry or born shidren for dis
land. 3 Mi wey bi God go tell yu wetin go happen to di shidren wey dem
born for dis land with dia papa and mama. 4 Na wiked diziz go kill dem and
nobody go mourn or beri dem. Dia dead body go full groun like manure.
Na war and honga go kill dem, den bird and wiked animals go chop dia
dead body.
5 "I tell yu sey, 'Wen anybody die, make yu nor go visit en family or
mourn for am. I nor go love, bless or sorry for Judah pipol again.' 6 Rish
and poor pipol go die for dis land and nobody go beri or mourn for dem.
Pipol nor go kut dia body or shave dia hair to show sey dem dey mourn
for dem. 7 Nobody go karry food go give doz wey dey mourn or give dem
wine drink, bikos dia mama or papa die.
8 "Make yu nor go house where pipol for dey do party, tok-less of to
follow dem sidan chop and drink.
9 Listin to wetin mi, Israel God wey dey mighty, dey tok.
"Dem nor go hear joy, happiness and marriage nois. Di pipol go dey
alive to si all dis tins wen e dey happen."

### *God Promise*

10 "Wen yu don tell di pipol about all dis tins, dem go ask, 'Why God won
ponish us like dis? Wetin wi do? Wish kind sin wi kommit wey make di
Oga awa God dey vex?' 11 Den make yu tell dem, 'God sey, "Na bikos una
grand-grand papa rijet mi kon go woship oda gods. Dem forget mi and
nor gri obey my law. 12 And naw, una sin even worse pass dia own. All
of una sturbon, wiked and nor dey obey mi. 13 So, I go drive una komot
from dis land go where una and una grand-grand papa nor know at-all;
land where una go dey woship oda gods both for day time and for nite,
bikos I nor go sorry for una." ' "
14 God sey, "Time dey kom wen pipol go stop to use mi take swear as
di God wey dey alive; wey take Israel pipol komot for Egypt. 15 Instead,
dem go swear sey, 'I bi di God wey bring Israel pipol kom out from di
land wey dey nort and from all di oda kountries wey I skata dem go.'
Yes! I go bring dem kom back to dia own kountry; di land wey I give dia
grand-grand papa.

Mi, wey bi God, don tok."

16 "But for naw, mi, wey bi God, dey sey: 'I dey send enemies wey go
katch dis pipol like man wey dey katch fish. Afta, I go send oda pipol wey
go katch dem like huntas for mountins, hills and holes for rock. 17 Bikos I
dey si evritin wey dem dey do; dia wikedness nor hide from mi and e nor
get where dem hide dia sin put wey I nor go si am. 18 I go make dem pay
times two for dia sin and wikedness, bikos dem don dirty my land kon pak
dia yeye juju wey nor get life, full am.' "
19 Den I sey,

"My God! Na Yu dey protet and give mi pawa.
    Yu dey help mi anytime I dey for trobol.
Nashons go kom from evriwhere for di eart kon sey,
    'Di gods wey awa grand-grand papa dem get,
    na only to lie dem know and dem nor fit save anybody.'

20 Pipol fit make dia own gods?
No! Wetin dem make,
nor bi god at-all."
21 Den God sey,
"So, I go make dis wiked pipol know my pawa
and how I strong rish
and dem go know sey na mi bi God."

# 17

*Judah Sin And Ponishment*

1 God sey,
"Judah pipol, na iron biro
dem take rite una sin;
na diamond pin dem take
karve am for una heart and di altar korna.
2 Una shidren nor dey ever forget di altar
and di Asherah juju wey una put near evry green tree;
on-top di hill
3 and for di mountin wey dey di open kountry.
Bikos of di sins wey una don kommit for di land,
I go make una enemies karry una propaty
and di tins wey una like well-well.
4 Una go komot for di land wey I give una
and I go make una serve una enemies
for di land wey una nor know,
bikos my vexnashon bi like fire
and e go burn forever."
5 God sey,
"I go curse di pipol wey leave mi
kon go trust human being.
Pipol wey depend on flesh and blood for dia pawa.
6 Dem go bi like bush for desert or for groun
where nor-tin go for fit grow.
Betta tin nor go ever happen to dem.
7 But I go bless doz wey trust mi.
Pipol wey bilive sey I go save dem.
8 Dem go bi like tree wey dem plant for near river
wey en rut spread enter di wota.
Dem nor dey fear wen hot weda kom
and dia leaf dey always green;
dem nor dey borda if rain nor fall
and dem dey always bring fruit.
9 Na wikedness full human being mind and e bad well-well.
Na who go fit undastand am?
10 Na mi wey bi God dey si
and test human being heart.
I dey trit each pesin akordin to how e dey live en life
and wetin e dey do.
11 Pesin wey dey make money with wayo,
bi like bird wey dey hash egg wey e nor lay.
Wen e don dey old,

e go luz all di money wey e get,
den e go know sey e bi fool."
12 So I sey,
"My God, na from di biginnin
Yu sidan for yor throne wey get glory.
Na only Yu bi di Pesin
wey go fit save us.
13 Na Yu bi di hope wey Israel get;
so make Yu disgrace doz wey leave Yu.
Make dem disappear like name wey dem rite for san,
bikos dem forget Yu
wey bi di spring wey dey bring fresh wota."

### *Jeremaya Ask God For Help*

14 My God, make Yu heal mi and I go strong again;
save mi and I go dey save,
bikos na Yu I dey praiz.
15 Di pipol dey ask,
"Where di tin wey God sey E won do us?
Make E kom do dem naw make wi si!"
16 But my Oga,
na Yu choose mi to serve yor pipol
and dat na wetin I dey do.
Yu know evritin wey I tok
and I neva for wons ask Yu make Yu finish with dem.
17 Nor make mi fear Yu,
bikos na Yu dey save mi wen I dey trobol.
18 Pipol wey dey tok bad against mi,
make Yu disgrace dem kon save mi.
Make fear katch dem,
but nor make mi dey fear.
Distroy and break dem into pieces.

### *Sabat*

19 God tell mi, "Make yu go stand for di gate wey Judah king dey pass
komot from di town and enter back and yu go still go stand for all di oda
gates wey dey for Jerusalem too. 20 Den tell di king; Judah pipol, doz wey
dey stay for Jerusalem and evribody wey dey pass di gates sey, 'Make una
listin to wetin God tok. 21 God sey, "If una value una life well-well, for
Sabat Day, make una nor karry any load pass di gates for Jerusalem 22 or
bring anytin kom out from una house or do any work. But make una si
am as holy day for God, just as I kommand and tell una grand-grand papa
dem. 23 But una grand-grand papa nor listin to mi, bikos dem sturbon and
nor gri obey or learn from mi." '
24 "God still sey, 'Una must obey all wetin I kommand. Una must nor
karry load pass di town gates for Sabat Day. Una must si Sabat as holy day
and una nor go do any work for dat day. 25 If una do am, den di kings and
di prince go enter Jerusalem gates kon get di same royal pawa wey David
get. Dem with Judah and Jerusalem pipol go ride dia horse and Jerusalem
town go always dey full with pipol. 26 Den pipol go kom from Judah town
and from all di village wey dey round Jerusalem; from Benjamin town go
rish di hill, mountins and from sout for Judah. Dem go bring burnt ofrin,

sakrifice, korn ofrin, incense and tanksgivin ofrin kom my temple. 27 But
una must obey mi kon make di Sabat, holy. For dat day, una must nor
karry any load pass Jerusalem gate, if una do am, I go burn di gate rish
round. Fire go burn di palis rish groun too and nobody go fit kwensh am.'
"

# 18

### *Jeremaya With Di Man Wey Dey Mold Pot*

1 God tell mi, 2 "Make yu go di house wey dem for dey make pot and I
go tok to yu for der." 3 So I go der kon si di man wey dey make pot wen e
dey mold one pot. 4 But wen e si sey di tin wey e dey mold nor good as e
wont, e skata am kon start again.

5 Den God tell mi, 6 "Israel pipol, I nor get rite to do una wetin di man
wey dey mold pot dey do with di klay? Just as klay dey di pesin wey dey
make pot hand, na so too una dey my hand. 7 If I sey I go rut, break or
distroy any nashon or kingdom 8 and dat nashon stop to dey disobey mi,
I nor go do wetin I bin sey I go do. 9 And if I sey I go plant or build any
nashon or kingdom 10 and dat nashon disobey mi and do bad-bad tins, I
nor go do wetin I sey I go do. 11 So naw, tell Judah and Jerusalem pipol sey,
'I dey plan and dey ready to ponish dem.' Tell dem make dem stop to dey
sin kon shange di way dem dey live dia life and di tins wey dem dey do.
12 But dem go sey, 'No! Wetin go make us shange? Wi go do anytin wey
wi wont! Awa heart strong and wi go do all di wiked tins wey wi wont.' "

13 God still sey,

"Ask di oda nashon if dis kind tin don ever happen before.
Israel pipol for bi like woman
wey neva ever sleep with man wons,
but dem don really do wiked tins.
14 Snow dey finish on-top Lebanon rock?
Or wota wey dey flow for mountin dey ever stop?
15 But my pipol don forget mi,
dem dey burn incense give juju
and na dis make dem fall
komot for di way wey dem suppose follow.
Dem nor dey follow di road wey I show dem,
instead dem dey follow di road wey nor smooth at-all.
16 Naw, di land go turn
to where pipol go dey fear and hate.
All di pipol wey go pass am,
go sopraiz and shake dia head,
bikos of wetin dem si.
17 I go distroy dem for dia enemies front
like san-san wey breeze dey blow kom from east.
I go turn my back
and I nor go help dem wen di wahala go start."

### *Plan Against Jeremaya*

18 Den di pipol sey, "Make una kom, make wi do sometin about dis
Jeremaya! Wi go always get priest wey go dey to tell us wetin wi go do;
wise pipol go dey wey go advise us and wi go always get profet wey go

prish God word give us. So make wi lie against am kon stop to listin to anytin wey e tok."

19 So, I kon pray:
"My God, make Yu hear and listin
to wetin my enemies dey tok about mi.
20 Na evil dem dey take pay good?
Naw, dem don dig pit for mi make I fall inside.
Wen Yu dey vex dat time,
make Yu remember as I beg Yu bikos of dem,
so dat Yu nor go ponish dem.
21 But naw, make honga kill dia shidren and make dem die for war. Make di wimen luz dia husband and shidren; make diziz kill di men and make di yong men die for war.
22 Make tif karry evritin wey dem get for dia house,
so dat dem go kry well-well.
Bikos dem don dig whole make I fall
put kon set trap make e katch mi.
23 But my God, Yu know all dia plan to kill mi.
Nor forget di wiked tins wey dem dey do
and nor forgive dia sin.
Make dem die for yor front and
make Yu ponish dem as Yu dey vex."

# 19

*Di Pot Wey Break*

1 God tell Jeremaya, "Make yu take some leaders and priest go buy pot
wey dem take klay make. 2 Make una pass Potsherd Gate go Ben-Hinnom
Valley. Den yu go tell dem wetin I tell yu, for der.
3 "God sey, 'Judah king and Jerusalem pipol, make una listin to wetin
mi, Israel God wey dey mighty, dey tok: I go bring wahala kom dis place
and anybody wey hear about am, go fear! 4 I go do am, bikos di pipol don
forget mi kon dirty dis place as dem dey sakrifice give gods wey dem or dia
grand-grand papa or Judah kings nor know and dem kill innocent pipol
for here too. 5 Dem build altar for Baal juju, so dat dem go fit sakrifice dia
shidren gi-am. I nor sey make dem do like dis and I neva even tink about
dis kind tin at-all. 6 So mi wey bi God dey sey, "Time dey kom wen pipol
nor go koll dis place Tofet or Ben-Hinnom Valley again, but dem go dey koll
am, di Valley Where Dem For Dey Kill Pipol!" 7 Na for der I go for skata
di plan wey Judah and Jerusalem pipol dey plan. I go make dia enemies
win kon kill dem for war and birds with wiked animals go chop dia dead
body. 8 I go distroy dis place well-well. Pipol wey dey pass go shok and
shake dia head, bikos of wetin happen. 9 Wen dia enemies surround di
town won kill dem, I go make dem chop dia shidren and dem go still chop
each oda too.' "
10 God still sey, "Naw, make yu break di pot for di pipol front 11 kon tell
dem, 'Oga God wey dey mighty sey, "Just as Jeremaya take distroy dis pot,
na so too I go distroy dis town and di pipol wey dey stay inside. Dem go
beri pipol for Tofet, until place nor go dey again to beri pipol put. 12 I don
promise and I must make dis town and di pipol, bi like Tofet. 13 Di house
for Jerusalem; Judah king house and di pipol house wey dem for don burn

incense give di stars kon pour wine as ofrin give oda gods, all of dem go
dirty, just as Tofet dirty." ' "
14 Den, Jeremaya komot from Tofet where God for tok to mi kon go stand
for di kourt wey dey di temple front, den tell all di pipol wetin 15 Israel
God wey dey mighty tok: "I go soon ponish dis town and di oda towns wey
surround am, bikos una sturbon well-well and una nor gri listin to wetin
I tok."

# 20

### *Dem Arrest Jeremaya*

1 Wen Imma pikin Pashhur wey bi di priest and wey dey guide di temple
2 e kon oda sey make dem beat and tie mi with shain, den put mi for one
room near Benjamin Gate for di temple. 3 But di next day, afta Pashhur
don release mi, I kon tell am, "God nor koll yu Pashhur, but di name wey E
give yu na, 'Fear Dey Evriwhere.' 4 God sey, 'I go make yu dey fear yorsef
and yor friends go dey fear yu too. Yu go dey si as dia enemies go kill dem
finish. I go make Judah pipol serve Babilon king and e go take some of dem
go en kountry as slave kon kill di odas. 5 I go still make dia enemies tif dia
propaty kon seize all di betta-betta tins. Dem go karry Judah king propaty
go Babilon. 6 Pashhur! Dem go karry yu with yor family go Babilon. Yu go
die and yu with all yor friends wey yu lie give, dem go beri una for der.' "

### *Jeremaya Komplain Give God*

7 My God, Yu don deceive mi!
Yu don deceive mi so dat I go bi yor profet?
Yu strong pass mi and Yu get pawa well-well.
Naw, evribody dey look and laf mi.
8 Na only bad-bad tins and deat
I dey profesy about.
Na only curse and trobol
yor message don bring kom meet mi.
9 But wen I sey, "I go forget God
and I nor go tok with en name again,"
na dat time yor message dey bi like fire
wey dey burn inside my body.
Even wen I try to pritend sey nor-tin dey happen,
I nor dey fit.
10 I hear as pipol dey gossip mi.
Dem dey koll mi,
"Di Man Wey Fear One Kill."
Dem dey treaten sey,
"If yu tok anytin here,
wi go ripot yu."
Even my friends before,
dey look and dey wait make I fall.
Dem dey sey, "E go fall enter di trap,
den wi go know sey wi don revensh am back."
11 But God wey strong and get pawa,
dey my side.
So doz wey dey plan against mi, go fail.
Yu go disgrace dem forever,

bikos dem nor go susid
and dem nor go ever forget di disgrace.
12 My God wey dey mighty;
Yu dey give korrect judgement to pipol
and Yu know wetin dey dia heart and mind.
So, make I si how Yu won take revensh my enemies,
bikos I don put my problem for yor hand.
13 Make wi sing to God! Make wi praiz God,
bikos E save doz wey wiked pipol dey opress.
14 I curse di day wey dem born mi!
Make dem forget di day wey my mama born mi!
15 Make curse follow di pesin wey kon make my papa happy
wen e tell am sey,
"Na boy yor wife born."
16 Make di pesin bi like town wey God nor sorry for
wen E dey distroy tins.
Make e hear pipol dey kry with pain for morning
and na war kry go full en ear for aftanoon.
17 Bikos if to sey e kill mi before dem born mi,
my mama belle for bi my grave and I for dey der forever.
18 Why dem born misef?
Na make I for si trobol and always dey kry,
so dat my life go end with shame.

# 21

*God Give Jerusalem To En Enemies*

1 King Zedekaya send Pashhur wey Malkijah born and Zefanaya, di priest
wey bi Maaseaya pikin, go meet Jeremaya, but God don tell Jeremaya
before dem rish der. Zedekaya sey make dem tell Jeremaya sey, 2 Make
yu help us beg God, so dat E go kom save us, bikos King Nebukadnezzar
for Babilon dey kom attack us. May bi God go do en mirakle, just as E do
before kon stop King Nebukadnezzar, so dat e nor go kom attack us again.
3 Jeremaya ansa dem, "Make una go tell King Zedekaya sey 4 Israel God
sey, 'I go distroy yor sojas wey dey fight against Babilon king and en sojas.
I go bring dia sojas kom di town centre. 5 Na with all my pawa, vexnashon
and fire, I go take fight against yu. 6 I go kill evribody for dis land. Na bad
diziz I go take kill both di pipol and dia animals. 7 Naw, mi, God promise
sey, "King Zedekaya with en ofisas and doz wey survive di war, di honga
and diziz, I go give dem to King Nebukadnezzar for Babilon and to dia
enemies wey won kill dem. King Nebukadnezzar go kill dem with swod
and e nor go pity or sorry for dem at-all." ' "

8 God still sey make I tell di pipol, "Make una listin! Mi wey bi God, dey
give una shance to choose between dis two tins: 'Di way wey dey lead to
life or di one wey dey lead to deat.' 9 War or honga go kill anybody wey
dey di town, but doz wey go kom out kon surenda give Babilon king, nor
go die; dem go eskape with dia life. 10 Bikos I don make up my mind sey
I nor go sorry for dis town, so I go distroy am. I go gi-am to Babilon king
and e go burn am rish groun.

Mi, wey bi God, don tok."

### *Judgement For Di Royal House For Judah*

11 God sey make I tell David shidren-shidren wey dey di royal house for
Judah sey,
12 "Make una listin to wetin mi wey bi God dey tok.
Make una make sure sey
dem dey always give korrect judgement for kourt.
Make una protet pesin wey dem dey opress
from who dey opress am
and bikos of di bad tins wey una dey do,
my vexnashon go burn una like fire wey nor dey kwensh.
13 Jerusalem wey dey on-top di valley like rock
wey high well-well,
make yu listin to mi.
I go fight against yu, bikos yu sey,
'Nobody go fit attack or skata awa town.'
14 But I go ponish yu for wetin yu don do.
I go lite fire put for yor palis
and di fire go burn evritin finish.
Mi, wey bi God, don tok."

# 22

### *Jeremaya Message To Judah*

1 God tell mi, "Make yu go Judah king palis kon tell am dis message:
2 'Judah king wey sidan for David throne, en ofisas and all en pipol wey
dey pass dis gate, make una listin. 3 Dis na wetin God tok: "Make una do
wetin dey good and korrect. Make una protet pesin wey dem dey opress
from who dey opress am. Make una nor trit or opress strenjas; doz wey
nor get papa and mama or wimen wey dia husband don die and make una
nor kill innocent pipol for dis land. 4 If una really do wetin I kommand,
den David shidren-shidren go kontinue to bi king. Both dem, dia ofisas
and dia pipol go kontinue to ride horse pass dis palis gate. 5 But I swear
sey, if una nor obey my kommand, dem go distroy dis palis rish groun.
Mi, wey bi God, don tok." ' "
6 "Even doh Judah royal palis fine like Gilead land and Mount Lebanon,
I go turn am to desert
and pipol nor go stay der again.
7 I go send men kon distroy am.
Dem go use dia axe take kut en fine cedar pilas
kon trow dem for fire.
8 Wen pipol from oda nashons dey pass,
dem go dey ask each oda,
'Wetin make God do dis kind tin
to dis great town.'
9 Den, some go ansa,
'Na bikos dem forget dia kovenant
wey dem make with dia God
kon go serve and woship oda gods.'

### *Judgement For Jehoahaz*

10 "Judah pipol, make una nor kry and mourn
for di king wey dem kill.

But make una kry well-well
for di one wey dem go karry go Babilon,
bikos e nor go kom back to di land
where dem for born am again."
11 Dis na wetin God tok about Josaya wey bi Shallum pikin, wey take-ova
from en papa as king, before dem karry am go Babilon. God sey, "E nor go
ever kom back to dis land again. 12 E go die as slave for di kountry where
dem dey karry am go and e nor go si dis land again."

### *Judgement For Jehoiakim*

13 "E go bad for di king
wey build big house with lie-lie and wayo.
Di king wey make di men dey work for nor-tin
and nor gri pay dem dia salari.
14 E go bad for di king wey sey,
'I go build big house for mysef;
di room for up go get betta space.'
So e put windows for di house,
use cedar wood take dekorate am
kon paint am with red kolour.
15 If yu take cedar wood build house
and e fine pass oda pipol own,
na dat one make yu bi betta king?
Yor papa enjoy life well-well,
bikos e always dey good and kind,
so e prosper for evritin wey e do.
16 E judge poor pipol well
and evritin go well with am,
den God kon sey,
'Dat na betta ezample to show sey yu know mi.'
17 But yu dey always tink and look for ways
to use wayo take make plenty money.
Na to kill innocent pipol and opress yor own pipol,
yu dey always tink.
18 So, dis na wetin God tok about Josaya pikin,
King Jehoiakim for Judah:
'Nobody go mourn wen e die
or tell en neighbour,
"My friend, di king deat dey vex and pain mi!"
Nobody go kry for am sey,
"My oga and my king don die!" '
19 Just as dem nor dey beri donkey wey die,
na so too dem nor go beri am.
Dem go drag en body komot from di town
kon trow am outside Jerusalem."

### *Warnin For Jerusalem Pipol*

20 Jerusalem pipol, make una shaut and mourn
as una dey go Lebanon.
Make una kry go Bashan land;
make una shaut well-well for Moab mountins,
bikos dem don distroy una propaty.

21 Wen una dey prosper and enjoy,
God tok to una,
but una nor gri listin.
Na so una dey bihave since
and una nor gri obey God.
22 So breeze go blow una leaders trowey;
dem go karry all una tins go.
Den, dem go disgrace and make una shame,
bikos of all di wiked tins wey una do.
23 Una fit tink sey una dey save like bird
wey dey rest for Lebanon cedar.
But wen di wahala kom,
una go kry with pain
like woman wey won born.

### *God Judgement For Jekonaya*

24 God sey, "As far as I bi di God wey dey alive, Jehoiakim pikin, Jekonaya
wey bi king for Judah, yu nor go fit bi king for dis eart. I go take dat pawa
komot from yor hand. 25 I go give yu to doz wey yu dey fear and wey
won kill yu. I go give yu to King Nebukadnezzar for Babilon and en sojas.
26 I go force yu and yor mama wey born yu, go anoda kountry. Una go-go
kountry where dem nor for born una and una go die for der. 27 Yu go like
to kom back to dis kountry, but yu nor go ever kom back again."
28 I sey, "King Jekonaya go bi like pot
wey break wey dem trowey.
E go bi like klay pot wey pipol nor won use at-all.
Why dem go force en and en shidren go anoda kountry?
Wetin make dem won take dem go kountry
wey dem nor know anytin about?"
29 Judah land, Judah land, Judah land!
Make una listin to wetin God won tok:
30 God sey, "Make yu rite dis man name
as pesin wey nor get pikin
and wey nor go ever susid for life.
En shidren nor go ever rule for David throne for Judah again."

## 23

### *New Leaders*

1 "E go bad well-well for doz leaders wey suppose kare for my pipol just
as shepad dey kare for en sheep, but dem nor do am, instead dem distroy
and skata my pipol. 2 Dis na wetin di Oga wey bi Israel God tok about di
rulers wey suppose kare for en pipol: Bikos una nor kare for my pipol and
una skata and drive dem komot, I go ponish una for di wiked tins wey una
do. 3 I go gada my pipol wey remain from di kountry where I skata dem
put kon bring dem kom back to dia land. Dem go get many shidren kon
prosper for evritin and for evry side. 4 I go choose rulers wey go kare for
dem. My pipol nor go fear at-all and I nor go ponish dem again.
Mi, wey bi God, don tok."

5 God sey, "Di time dey kom
wen I go choose betta king
from among David shidren-shidren.

E go rule di land with wisdom
kon do wetin dey korrect and good.
6 Wen e bikom king, Judah pipol go dey save
and Israel pipol go stay for peace.
Dem go koll am,
'Na God bi awa raitiousness.' "
7 God sey, "Di time dey kom, wen pipol nor go use my name take swear
sey, 'Yu bi God wey dey alive wey take Israel pipol komot from Egypt.'
8 Instead dem go sey, 'Yu bi di God wey dey alive wey bring Israel pipol
kom back from di land for nort and from di oda kountries wey Yu skata
dem go.' For dat time, dem go dey dia own land."

### *Lie-lie Profet*

9 Dis na wetin God tok about lie-lie profets:
"Dem don break my heart
and all my body dey shake.
I bi like pesin wey don drink wine well-well,
bikos of di wey dem dey trit mi
and my holy word.
10 Na pipol wey nor dey faithful,
full di land
and dem dey live wiked life
kon dey use dia pawa anyhow.
Di pipol dey mourn and all di green leaf don dry,
bikos God don curse dia land."
11 God sey,
"Di profets and priests nor know mi;
I katch dem dey do wiked tins for my temple.
12 So di road wey dem dey pass,
go dark and go dey draw;
I go make dem kick stone fall.
I go bring wahala kom meet dem
and di time to ponish dem, don near.
Mi, wey bi God, don tok."
13 God sey,
"I dey si di sins wey Samaria profets dey kommit;
dem dey profesai with Baal name
kon lead my pipol komot from di trut.
14 But I si sey na Jerusalem profets own worse pass;
dem dey sleep with who dem nor marry;
dey lie; dey enkourage pipol to do bad tins,
so dat dem nor go stop to live dia wiked life.
To mi, all of dem bad and wiked
like Sodom and Gomorrah pipol.
15 So, dis na wetin mi wey bi God dey tok
about Jerusalem profets:
'I go give dem bitter food chop
kon give dem wota wey dem poizin, drink,
bikos dem don spread sin for di whole land.' "
16 God wey dey mighty still tell Jerusalem pipol:
"Make una nor listin
to wetin doz lie-lie profets dey tell una;

na yeye hope dem dey give una.
Nor bi wetin I tell dem,
dem dey tell una,
but na wetin dem tink and like,
dem dey tok.
17 Pipol wey nor gri listin to wetin God tok,
dem dey tell dem sey,
'Evritin go-go well with una!'
And dem dey tell sturbon pipol sey,
'Bad tins nor go happen to una at-all!'
18 So, I sey, Nobody among dis profets
know wetin God dey tink for sekret.
No one don ever hear
or undastand en message
or listin to wetin E tok.
19 But just look, God vexnashon go kom like heavy breeze
and e go blow wiked pipol head komot.
20 E nor go end until E don do evritin wey E plan to do.
Di time dey kom wen di pipol go undastand all dis tins well."
21 God sey,
"I nor send all dis profets,
but dem dey rush go tok dia own message.
I nor tell dem anytin,
but dem still dey profesai.
22 How I wish dem know wetin I dey tink for my mind,
den dem for fit prish my message give my pipol,
so dat dem go stop di kind life
wey dem dey live
and di bad-bad tins wey dem dey do.
23 Abi una tink sey I bi God
wey dem tie put for one place?
No! I dey evriwhere.
24 E nor get where pesin go hide
put make I for nor si am.
Yu nor know sey I dey evriwhere
for di heavens and di eart?

25 "I know evritin wey doz profets tok; dem dey lie with my name sey
I tok to dem thru dreams. 26 How long e go take for doz profets to stop
to dey deceive my pipol with dia lie-lie word? 27 Dem tink sey di dream
wey dem dey tok so, go make my pipol forget mi, just as dia grand-grand
papa forget mi kon dey follow Baal? 28 Make di profet wey dream, tok
only wetin e dream and make di profet wey hear my message, tok di trut.
Nobody fit use tree kanda kompare di main tree. 29 My message bi like fire
and na hammer wey dey break rock into pieces. 30 I hate all doz profets
wey dey listin to oda profets words kon tell my pipol sey na mi tok am.
31 I still dey against doz profets wey dey tok dia own word kon sey na mi
tell dem. 32 Make una listin to wetin mi wey bi God tok! I hate doz profets
wey dey tok dia lie-lie dreams kon lead my pipol komot from di trut. I nor
send dem and dem nor dey help my pipol at-all.
Mi, wey bi God don tok."

[33] God tell mi, "Jeremaya, if anybody among my pipol, or profet or priest
ask yu, 'Wetin God tok?' Make yu tell dem sey, 'Una dey disturb God and
E go distroy una.' [34] I go ponish anybody, profet or priest wey sey, 'God
message na wahala!' I go ponish di pesin and all en family."
[35] So mi, Jeremaya dey tell una sey, "Make una dey ask una friend or
relashon, 'Wish ansa God give and wetin God tok?' [36] So make una nor
sey God message na wahala, bikos if anybody tok like dat, den di message
go bi wahala to am. Di pipol don shange dia God; di Almighty God wey dey
alive, dem don shange en word. [37] So Jeremaya, ask di profets, 'Wish ansa
God give una or wetin God tok?' [38] But if dem nor obey my kommand kon
sey, 'God message na wahala,' den yu go tell dem sey, [39] 'God go trow una
far from am; both una and di town wey E give una and una grand-grand
papa.' [40] I go disgrace dem forever and dem nor go forget am."

# 24

*Di Good And Di Bad Fig*

[1] Afta King Nebukadnezzar for Babilon don karry Jehoiakim pikin
Jekonaya, wey bi King for Judah, en ofisas and all di pipol wey get
handwork go Babilon, God kon show mi two basket wey fig fruit full for
di temple front. [2] Na good fig full di first basket; figs wey kwik ripe; but
na bad fig wey dem nor go fit chop dey di sekond one. [3] Den God tell mi,
"Jeremaya, wetin yu dey si?" I ansa, "Na fig! Di good ones don ripe, while
di bad ones don spoil."
[4] So God tell mi, [5] "Mi, di Oga wey bi Israel God sey, 'Di pipol wey dem
karry go Babilon bi like dis good fig and I go trit dem well with kindness.
[6] I go kare for dem kon bring dem kom back to dis land. I go karry dem
up and nor-tin go fit bring dem down. I go plant dem and nor-tin go fit rut
dem. [7] I go let dem know sey na mi bi God. Den, dem go bi my pipol and
I go bi dia God, bikos dem go kom back kon serve mi with all dia heart.
[8] " 'But King Zedekaya for Judah, en ofisas and di pipol wey remain for
dis land and doz wey go Egypt, mi wey bi God, go trit dem like dis bad fig
wey don spoil. [9] I go give dem wahala sotey all di nashons for di world
go fear. Pipol go laf dem well-well; use dem dey make yeye kon dey curse
dem for anywhere wey I skata dem go. [10] I go bring war, honga and diziz
kom meet dem, until nobody among dem go remain for di land wey I give
dem and dia grand-grand papa.' "

# 25

*Enemies For Nort*

[1] For di fourt year wey Jehoiakim, Josaya pikin bi king for Judah, God
tok to Jeremaya about all di pipol for Judah. (Dis na di first year wey
Nebukadnezzar dey rule for Babilon.) [2] So I tell Judah and Jerusalem pipol:
[3] "For twenty-three years, from di thirtint year wey Amon pikin, Josaya bi
king for Judah kon rish naw, na-im God don dey tok to mi and I nor dey
fail to tell una wetin E tok, but una nor gri listin. [4] Una nor go listin or
hear, even doh God dey always send en savants kom meet una. [5] Dem tell
una make una shange di kind life wey una dey live kon stop all di wiked
tins wey una dey do, so dat una go kontinue to dey stay for dis land wey

God give una and una grand-grand papa. 6 Dem sey make una nor woship
or serve oda gods and make una nor make God vex bikos una dey woship
juju. So, if una obey God, E nor go ponish una. 7 But God sey una nor gri
listin to am. Instead, una dey make am vex with doz una juju kon bring
ponishment for una head.
8 "So, bikos una nor gri listin to am, God wey dey mighty sey, 9 'I go
koll di pipol wey dey nort and my savant King Nebukadnezzar for Babilon
and dem go kom fight against Judah pipol and di towns wey dey round
Jerusalem. I go distroy and skata dis nashon and di ones wey dey round
am, forever. I go make pipol si and dey fear dem. 10 I nor go make una
happy or do marriage again. Una nor go si oil pour for una lamp and korn
nor go dey for una to chop. 11 Dis land go empty, So Israel pipol and doz
wey dey stay near dem, go serve Babilon king for seventy years.'
12 " 'But wen di seventy years don finish, I go ponish Babilon and en king
for dia sin. I go distroy and skata dat kountry forever. 13 I go make evritin
wey I tok happen for dat land; evritin wey dem rite for dis book wey
Jeremaya profesai against dis nashon, must happen. 14 I go pay Babilon
pipol back for wetin dem do and dem go bi slave to many nashon and
great kings.' "

### *God Judge Di Nashon*

15 Oga wey bi Israel God tell mi, "Make yu take dis wine cup wey my
vexnashon full and make all di nashons wey I send yu go meet, drink
from am. 16 Wen dem drink am finish, dem go stagga kon dey bihave
anyhow, bikos I dey send war kom meet dem."
17 So I take di cup from God hand kon go di nashons wey God send mi
go and I make all of dem drink from am. 18 I go make Jerusalem and all di
towns for Judah, dia kings and all dia ofisas drink from am, so dat di land
go turn to desert, where dem dey trow dirty put and wen pipol si am, dem
go shok with fear. Den pipol go use dia name dey curse pipol, just as dem
don already dey use am. 19 Dis na di oda pipol wey drink from di cup: King
Fero for Egypt; doz wey dey serve am; en ofisas, en pipol; 20 di strenjas for
Egypt; di kings for Uz land; di kings for Filistia land, Ashkelon, Gaza, Ekron
pipol and di pipol wey dem nor kill for Ashdod town; 21 Edom, Moab and
Ammon pipol; 22 di kings for Tyre, Sidon and di lands near di sea; 23 Dedan,
Tema, Buz and all di pipol for desert wey kut dia hair short as dem dey
di temple; 24 di kings for Arabia wey dey stay desert; 25 Zimri, Elam and
Media kings; 26 di kings for nort both far and near and all di kingdoms wey
dey dis eart. Afta all of dem don drink from God vexnashon cup finish,
Babilon king must drink from am too.
27 Den God tell mi, "Tell di pipol sey mi, Israel God wey dey mighty, dey
kommand dem make dem drink till di drink katch dem. Dem go dey vomit
until dem fall for groun and dem nor go fit get up again, bikos I dey send
war kom meet dem. 28 And if dem nor gri take di cup from yor hand kon
drink from am, den tell dem: 'God wey dey mighty sey una go must still
drink from am.' 29 Bikos na from my own town I go for start to distroy
kom rish dia own. Dem tink sey dem nor go ponish dem? No! Dem go
ponish dem, bikos I go send war kom meet evribody for di eart.
Mi, wey bi God wey dey mighty, don tok."
30 "So, Jeremaya, make yu tell dem evritin wey I tok.

Yu must tell dem sey,
'Like lion wey won attack,
na so too God go shaut from heaven!
E go shaut for en pipol
from en holy place.
E go shaut like pesin wey dey mash grape
wey dem won take do wine
and evribody for di world go hear am.'
31 Di nois go loud rish evriwhere for di eart.
Bikos God get wetin E one tok against di nashon.
E go judge evribody kon kill wiked pipol.
Mi, wey bi God, don tok."

32 God wey dey mighty sey,
"Wahala go kom meet di nashon one-by-one
and strong breeze go gada
for where di world for end.
33 For dat day, di pipol wey God kill,
dia body go skata for difren part for di world.
Nobody go mourn for dem
and nobody go karry dem go beri.
Dem go dey groun
like manure wey dem gada.
34 Una wey bi leaders and my pipol shepad,
make una shaut kry well-well!
Make una mourn and roll for san-san,
bikos di time don rish
wen dem go kill una kon kut una like goat
35 and una nor go fit eskape.
36 Una dey kry with pain,
bikos God don use en vexnashon
distroy una nashon
37 kon skata una kountry
wey bin get peace.
38 God don forget en pipol
like lion wey waka
komot for en kage go find food.
Dia kountry don turn desert,
bikos dem dey fear pipol
wey dey opress dem
and dem dey fear God vexnashon too."

# 26

*Jeremaya For Kourt*

1 As Josaya pikin, Jehoiakim just start to rule for Judah, God kon tell
Jeremaya 2 sey, "Go di temple go tell all di pipol from Judah wey dey kom
woship for der, evritin wey I kommand yu. Make sure sey yu nor forget
anytin wey I tell yu. 3 May bi dem go listin kon stop to do di wiked tins
wey dem dey do. If dem stop, I go shange my mind and I nor go distroy
dem again. 4 Tell dem sey di Oga wey bi God sey, 'Una must obey mi and
do wetin I tish una. 5 My savants wey I send kom meet una, make una dey
listin to evritin wey dem tell una. I dey always send dem kom meet una,

but una nor gri listin to dem. 6 If una nor gri obey mi, den I go distroy dis
temple, just as I distroy Shiloh. I go make sure sey evribody for dis eart
dey curse dis town.' "
7 As I dey tok for God temple, di priests, profets and di pipol, dey hear
mi. 8 So, as I just tok finish, dem kon seize mi dey shaut, "Wi suppose kill
yu, bikos of dis rubbish wey yu dey tok so! 9 Wetin make yu dey tok all
dis foolish tins with God name? Wetin make yu dey tok with en name sey,
'Dem go distroy dis temple, just as dem distroy Shiloh and nobody go dey
here again.' " Den all di pipol kon gada round mi.
10 Wen di leaders hear wetin happen, dem rush kom di temple from
di royal palis. Dem kon form one kourt for where di New Gate for God
temple dey. 11 Den di priests and di profets kon tell di leaders and di pipol
sey, "Make dem kill dis man, bikos e don tok against awa town. All of una
hear as e dey tok."
12 Den I sey, "Na God send mi kom tell una evritin wey I tok about dis
temple and dis town. 13 Una must shange kon obey di Oga una God. Una
must stop to live di bad life and wiked tins wey una dey do. If una stop
am, God go shange en mind and E nor go distroy una. 14 As for mi, I dey
una hand, so una fit take mi do anytin wey una like. 15 But make una know
sey, if una kill mi, una and di pipol for dis town nor go get rest, bikos una
don kill innocent pesin wey God send kom warn una."
16 Den di leaders and di pipol kon tell di priests and di profet sey, "Na
God name dis man take tok to us, so make wi nor kill-am." 17 Afta, some
of di leaders stand kon tell di pipol, 18 "Wen Hezekaya bi king for Judah,
Profet Mikah from Moreshet profesai give di pipol. E tell dem sey, 'God
sey,
" ' "Dem go klear Zion like field;
Jerusalem go turn where dem dey trowey dirty put
and di temple hill go turn forest." '
19 "King Hezekaya and di pipol nor kill Mikaya, abi dem kill-am? But
King Hezekaya honor God kon try to win en favor. So, God kon shange
en mind and E nor distroy dem again. But as e bi so, wi dey won kause
sirious wahala for awasef."
20 (Naw, e get anoda man wey profesai with God name against di pipol
and di town, just as Jeremaya dey profesai. En name na Uriaya wey
Shemaya born and e kom from Kiriat-Jearim. 21 And wen King Jehoiakim,
en sojas and ofisas hear wetin Uriaya tok, e kon try to kill-am, but Uriaya
hear kon run go hide for Egypt, bikos e dey fear. 22 Den King Jehoiakim
send Akbor pikin Elnatan and some oda men go Egypt go katch Uriaya
kom. 23 Dem bring am kon give King Jehoiakim wey kill and beri am for
where dem dey beri ordinary pipol put.)
24 So dat day, Ahikam wey bi Shafan pikin, support and help mi, so dat
di pipol nor go kill mi.

# 27

*Jeremaya Klot*
1 Wen Josaya pikin Zedekaya just bi king for Judah, God tell mi 2 "Make
yu tie leda rope for wood kon put am for yor neck, 3 den use am take
send message go give Edom, Moab, Ammon, Tyre and Sidon kings thru
di pesin wey dey ripresent dem wey dem send kom si King Zedekaya, for

Judah. [4] Tell dem make dem tell dia kings sey: 'Israel God wey dey rule
ova evritin sey: [5] "Na with my mighty pawa and great strent I take kreate
di eart, di pipol and di animals wey dey inside and I don give dis pawa to
pipol wey I like gi-am to. [6] Na mi put di nashons under my savant pawa,
King Nebukadnezzar for Babilon and I kon make wild animals dey serve
am. [7] All di nashons go serve en and en shidren-shidren, until wen en
own nashon go fall. Den Babilon go bi savant to nashons wey get pawa
and great kings. [8] But if oda nashon or kingdom nor gri serve or respet
King Nebukadnezzar for Babilon, I go ponish dat nashon with war, honga,
diziz and I go distroy am. [9] Nor listin to anybody or profet wey sey e know
wetin go happen tumoro; doz wey dey undastand dream; doz wey dey koll
dead body or doz wey dey do majik; wey sey make una nor respet Babilon
king. [10] Make una nor listin to doz wey dey deceive una, bikos dis tin fit
make dem karry una far; go where una nor know. I go drive una komot
from una land and una go die for der. [11] But if any nashon gri kon serve
Babilon king, I go make dat nashon stay and chop from en own land.
Mi, wey bi God, don tok." ' "

[12] I tell King Zedekaya for Judah di same tin sey, "Make yu honbol yorsef
kon respet Babilon king; serve en and en pipol and yu go dey save. [13] Why
yu wont make honga, war and diziz kill yu and yor pipol? Dat na wetin
God don sey go happen to any nashon wey nor gri obey Babilon king.
[14] Nor listin to di profets wey sey make yu nor surenda to am; dem just
dey deceive yu. [15] God don sey, 'I nor send dem and dem dey lie give yu
with my name.' So E go drive yu komot and dem go kill both yu and di
profets wey dey lie give yu."

[16] Den I tell di priest and di pipol: "God sey: 'Nor listin to di profets
wey sey dem go soon bring all di betta-betta tins for di temple kom back
from Babilon. Dem just dey lie give yu. [17] Nor listin to dem! Obey Babilon
king and yu go dey save! Why yu wont make dis town turn to where dem
go dey trowey dirty put? [18] If dem really bi profet or get my message,
make dem pray give mi, di God wey dey mighty sey, "Make Yu nor allow
dem karry all di betta-betta tins wey remain for di temple and palis, go
Babilon. [19] Di God wey dey mighty don already tok about di two pila wey
dem make with bronze; di sea, di stands and di tins wey remain for di town
[20] wen Nebukadnezzar, Babilon king kon karry Judah King, Jehoiashin wey
bi Jehoiakim pikin and en ofisas for Judah and Jerusalem, go Babilon as
slave. [21] So, make una listin to wetin mi wey bi Israel God wey get pawa
dey tok about di betta-betta tins wey remain for Jerusalem temple and
palis: [22] Dem go karry dem go Babilon until di day wey I go remember
dem. Den, I go bring una kom back kon give una evritin wey una don lost
for dis place.
Mi, wey bi God, don tok." ' "

# 28

*Jeremaya And Profet Hananaya*

[1] Dat same year, for di fift mont wey bi di fourt year wey Zedekaya bi
king, Hananaya wey bi Azzur pikin, wey bi profet for Gibeon town kon tok
to mi for di temple. For di priest and di pipol present, e sey, [2] "Israel God
wey dey mighty sey: 'I don break Babilon king pawa. [3] Before two years

go finish, I go bring all di betta-betta tins wey King Nebukadnezzar karry
go Babilon kom back to dis place. 4 Jehoiashin wey bi Jehoiakim pikin and
all Judah pipol wey go Babilon as slave, I go bring dem kom back. Yes! I
go break Babilon king pawa.

Mi, wey bi God, don tok.' "

5 Den for di priest and all di pipol wey stand for di temple present, I kon
tell Hananaya sey: 6 "Amen! Make God make yor profesy, happen! Make
E bring all di betta-betta tins wey dem take from en temple and all di pipol
wey dem karry go Babilon as slave kom back to dis place. 7 But make yu
listin to wetin I dey tell yu and di pipol: 8 'Before-before, di profet wey
tok before mi and yor time, don sey: "War, honga and diziz go kom many
nashon and kingdom wey get pawa." ' 9 But if one profet, profesai peace
and good life and e kon happen as e tok, den dat show sey na God really
send am."

10 Hananaya take di wood wey dem tie for my neck komot kon break am
to pieces, 11 den e tok for evribody present sey, "God sey dis na how e go
take break di load wey King Nebukadnezzar put for di nashons neck and
E go do am before two years go finish." So Profet Jeremaya kon waka go.

12 Afta sometaim, God sey make 13 I go tell Hananaya: "Yu don really
break di yoke wey dem make with wood, but naw, na iron yoke yu don
put for where e bin dey. 14 Israel God wey dey mighty dey sey, 'I don
put iron yoke for dis nashon and dem go serve King Nebukadnezzar for
Babilon. I go even make wild animals serve Babilon king.' " 15 Den I tell
Hananaya, "Make yu listin to mi! God nor send yu and yu dey make dis
pipol bilive yor lie-lie story. 16 So before dis year go end, God go kill yu by
ensef, bikos yu don make di pipol dey tok against God."

17 Just as Jeremaya tok, Hananaya die for di seven mont for dat same
year.

# 29

### *Jeremaya Leta To Jew Pipol For Babilon*

1 Dis na di leta wey I rite go give di priests, profets, leaders and all di oda
pipol wey Nebukadnezzar karry as prisona from Jerusalem go Babilon. 2 I
rite am afta dem don karry King Jehoiashin, en mama, di ofisas for di
palis, Judah and Jerusalem leaders and doz wey know work well-well, go
Babilon. 3 I give di leta to Eleasah wey bi Shafan pikin and Gemaraya
wey Hilkaya born and na-im King Zedekaya for Judah send go meet King
Nebukadnezzar for Babilon. Dis na wetin dey di leta:

4 "Israel God wey dey mighty dey tell di pipol wey Babilon king karry
from Jerusalem go as prisona sey: 5 'Make una build house kon setol down,
den plant seeds and chop anytin wey e produce. 6 Make una marry kon
born shidren. Make una shidren marry kon born shidren too, so dat una
go plenty for di land. 7 Make una work well-well for di town wey I send
una go as prisonas and make una pray make I bless dem, bikos if dem
prosper, una go prosper too. 8 Mi wey bi Israel God dey warn una. Make
una nor let di profets wey dey stay among una or any oda pesin wey klaim
sey e dey si tumoro, deceive una. Make una nor listin to dia dreams. 9 Dem
dey lie with my name, but I dey tell una naw sey I nor send dem kom meet
una.'

10 "God sey, 'Wen di seventy years wey I give Babilon don finish, I go
kare and bring una kom back to una land, just as I promise. 11 Bikos I
know wetin I plan for una; my plan na to make una prosper, nor bi to give
una wahala and na to give una di kind future wey una dey hope to get.
12 Den una go koll my name kon pray give mi and I go ansa una. 13 Una
go pray and woship mi with all una heart and I go dey with una. 14 Yes!
I sey, una go find mi and I go bring una kom back to una land. I go gada
una from evry kountry and place wey I skata una go and I go bring una
kom back to di land wey I from send una go Babilon.

Mi, wey bi God, don tok.'

15 "Una sey, 'God don give una profet for Babilon wey go give us good
news.' 16 But make una listin to wetin God tok about di king wey dey rule
David kingdom and di pipol for di town wey bi una relashon, wey dem
nor karry as prisonas follow una. 17 God wey dey mighty sey, 'I dey bring
war, honga and diziz kom meet dem and I go make dem bi like rotin fig
fruit wey nobody fit chop. 18 I go use war, honga and diziz take porshu
dem, sotey all di oda nashons for di world go shok, fear, laf and curse dem
for anywhere wey I skata dem go, 19 bikos dem nor gri hear my word wey
I dey always send go give dem thru my profets. 20 All of una wey I send
go Babilon as prisonas, make una listin to wetin mi wey bi God dey tok.'

21 "Dis na wetin Israel God wey dey mighty tok about Ahab wey bi Kolaya
pikin and Zedekaya wey Maaseaya born, wey dey lie for una with God
name. God sey, 'I don give dem to King Nebukadnezzar for Babilon and
e go kill dem for una present.' 22 So wen di pipol wey dem take from
Jerusalem go Babilon won curse pesin, dem go sey, 'Make God trit yu
like Zedekaya and Ahab wey Babilon king roast alive!' 23 Dis na wetin go
happen to dem, bikos dem sin: dem sleep with dia neighbour wife kon lie
with God name. God nor like all dis tins. E know wetin dem don do and
wetin dem do dey stand against dem."

Dis na wetin God tok.

### *Shemaya Leta*

24 Israel God tell Jeremaya, "Make yu go tell Shemaya wey kom from
Nehelam 25 sey di Oga wey bi Israel God wey dey rule di nashons get
message for am. Tell am sey, 'Just as yor mind tell yu, na so too yu send
leta go give Zefanaya di priest wey Maaseaya born; di oda priests and all
di pipol wey dey Jerusalem.' For yor leta, yu tell Zefanaya sey, 26 'God don
make yu priest instead of Jehoiada. E put yu for en temple so dat yu go
dey kontrol doz kraze pipol wey dey pritend sey dem bi profets. And na
yor work to tie dat kind pesin for groun. 27 But why yu neva do am to
Jeremaya for Anatot, wey dey tell pipol sey e bi profet? 28 Bikos Jeremaya
tell di pipol wey dey Babilon sey, dem go stay as prisonas for long time, so
make dem build house, setol down, plant and chop anytin wey dem plant.'
"

29 Zefanaya di priest kon read di leta give Profet Jeremaya. 30 Den God
tell Jeremaya sey, 31 "Send message go give all di prisonas for Babilon about
Shemaya. Mi wey bi God, go ponish Shemaya and all en shidren-shidren.
I nor send am, but e tok to una as if en na profet and e make una bilive
di lie wey e tell una. 32 Bikos e sey make my pipol go against mi, I go kill

all en shidren-shidren and e nor go dey alive to si all di good tins wey I go do for my pipol.

Mi, wey bi God, don tok."

# 30

### *God Promise En Pipol*

1 Na Israel God wey dey mighty 2 tell mi sey: "Make yu rite evritin wey
I tell yu put for one book, 3 bikos time dey kom wen I go bring my pipol,
Israel and Judah kom back to di land wey I give dia grand-grand papa and
e go bi dia own again.

Mi, wey bi God, don tok."

4 God tell Israel and Judah pipol:

5 "I dey hear as una dey kry,
bikos of una fear and di wahala wey una dey face.
6 Naw, make una tink am well!
Man fit get belle kon born pikin?
So wetin make una men dey put dia hand for belle
like sey dem bi woman wey won born?
Wetin make evribody dey fear?
7 Di day wen una go face sirious wahala dey kom
and dem nor go fit kompare am with any oda day.
Even doh di wahala go too mush for my pipol,
dem go survive am."
8 God sey: "Wen dat day go kom,
I go remove di load wey dey dia neck
kon break di shain
and dem nor go bi slave to strenjas again.
9 Dem go serve mi wey bi di Oga dia God
and na one of David shidren-shidren, go bi dia king.
10 My pipol, make una nor fear;
make Israel pipol nor fear at-all.
I go save una from di far land
where una dey as prisonas.
Una go kom back to una house
kon stay for peace and nobody go make una fear again.
11 I go save and dey with una.
I go distroy all di nashons where I skata una go,
but I nor go distroy una finish.
I go ponish una, but I go do am small-small.
Yes! I nor go let una go without ponishment.

Mi, wey bi God, don tok."

12 God tell en pipol,
"Dem nor go fit cure una wound
and una sore go dey forever.
13 Nobody go kare for una or cure una sore;
una nor get hope at-all.
14 Doz wey love una, don forget una;
dem nor kare about una again,
bikos I don attack una like una enemy.
Una ponishment go sirious well-well,
bikos una wiked and don sin well-well.

15 Make una nor komplain about una sore again,
bikos e nor get cure.
I dey ponish una like dis,
bikos una wikedness and sin, too mush.
16 But naw, doz wey distroy una,
dem go distroy dem too
and dem go karry all una enemies
go Babilon as prisonas.
Dem go opress doz wey dey opress una
and doz wey tif from una,
dem go tif from dem too.
17 And even doh una enemies sey,
'Zion nor mean anytin and nobody kare about am,'
I go make una well again kon heal una wound.
Mi, wey bi God, don tok."

18 God sey,
"I go bring my pipol kom back to dia land
kon sorry for dem.
Dem go build Jerusalem again
and di king palis go dey as e bi before.
19 Di pipol wey dey stay der go sing,
praiz and dem go shaut for joy.
My blessing go make dem many well-well
and e go bring honor for dem.
20 Dia shidren-shidren go bi as dem bi before
and dem go always dey my present,
den I go ponish di pipol wey bin dey opress dem.
21 Dia leaders go kom from dia own nashon
and dia prince go bi dia own pipol.
E go kom meet mi wen I invite am,
bikos nobody go fit kom wen dem nor invite am.
22 Dem go bi my pipol
and I go bi dia God.
Mi, wey bi God, don tok."
23 God vexnashon go kom like heavy breeze!
Like strong breeze wey go
blow wiked pipol head komot.
24 En vexnashon nor go stop
until E don do evritin wey E plan to do.
Afta sometaim, en pipol go undastand all dis tins.
One day, una go undastand wetin I mean.

# 31

## *Israel Pipol Go-go Back To Dia Land*

1 God sey,
"For dat time, all di tribe wey dey Israel,
na mi go bi dia God and dem go bi my pipol.
2 Doz wey still dey alive, I go sorry
and favor dem wen dem dey desert.
I go give Israel pipol peace for dia mind.
3 I go kom help dem, bikos I love Israel pipol well-well

and na dis make mi still dey show dem
my love wey nor dey end.
4 I go build una again and una go take una sheke-sheke
kon dance and dey happy again.
5 Una go plant vineyard on-top Samaria hill again
and di pipol wey plant dem, go chop from dem.
6 Yes, di time dey kom wen doz wey dey guide di gate
go koll from Efraim hill sey,
'Kom make wi go Zion
go woship di Oga wey bi awa God.' "
7 God even sey,
"Make una sing and happy for Israel pipol;
make una happy for di nashon wey great well-well.
Make dem hear una praiz for evriwhere kon sey,
'God, make Yu save yor pipol,
diliver Israel pipol wey remain.'
8 Den I ansa, 'I go bring dem back from nort kon
gada dem from evry part for di eart.
Doz wey blind; wey nor fit waka;
wimen wey get belle and doz wey won born,
go follow dem kom back too.
Dem go kom back as one great nashon.
9 As I dey lead dem kom back, dem go dey kry,
beg and pray make I forgive dem.
I go guide dem pass where wota dey
kon take dem pass strait road
where dem nor go kick stone fall.
I go do am, bikos na mi bi Israel papa
and Efraim na my first-born.' "
10 All di nashon, make una hear wetin Oga God won tok,
den una go-go tok about am for far land
wey dey near di sea sey,
"Just as shepad dey guide en sheep,
na so too God wey skata en pipol,
go gada and guide dem again.
11 God go free and save Israel pipol
from strong nashons wey dey opress dem.
12 Bikos of di gift wey God give dem wey bi;
korn, wine, olive oil, sheep and melu,
dem go gada kom sing with happiness for Mount Zion.
Dem go bi like gardin wey dem pour wota put well-well
kon get evritin wey dem wont.
13 Den di yong wimen go sing with joy,
while di yong and old men, go dey happy.
I go konfort dem kon turn dia kry to joy
and dia sorrow go bi happiness.
14 I go give good food to dia priests
and my pipol go get evritin wey dem wont.
Mi, wey bi God, don tok."

*God Sorry For En Pipol*

15 God sey,

“Pipol hear kry and shaut for Rama.
Rashel dey kry for en pikin dem wey don die
and nor-tin wey pipol tok, fit konfort am.”
16 But naw, dis na wetin God dey tok,
“Make yu nor kry again, bikos I go reward yu.
Yu shidren go kom back from dia enemies
land kom meet yu.
17 True-true, yu get hope about yor tumoro
and yor shidren go kom house back.
Mi, wey bi God, don tok.”
18 I hear Israel pipol dey tok with pain sey,
“Oga God! Wi bi like animal wey dem nor train,
but Yu don tish us to dey obey.
So make Yu bring us kom back,
bikos wi dey ready to kom meet Yu
di Oga wey bi awa God.
19 Before, wi sin against Yu,
but naw, wi wons turn from sin kom meet Yu.
Afta Yu ponish us, shame nor let us karry awa head up again.
Di sin wey wi sin wen wi dey yong,
dey make us dey shame.”
20 So God ansa,
“Israel, una bi my shidren wey I love well-well.
I dey always tink of una with love
wen ever I remember una name.
Una dey for my heart
and I go really sorry for una.
21 So make una mark di road,
so dat una go know where una pass
wen dem dey karry una go Babilon.
Israel pipol, make una kom back to di town
wey una run leave.
22 Pipol wey nor bilive, na wen una go stop to waste una time?
Mi wey bi God promise to bring new tin kom dis eart
and e go dey special
like wen woman dey protet man.”

### *God Pipol Go Prosper*

23 Israel God wey dey rule evribody sey,
“Wen I don bring di pipol kom back to dia land,
dem go tok for Judah sey,
‘Make God bless Jerusalem hill;
di holy place wey E dey stay.’
24 Pipol go stay for Judah and all en towns;
farmers go dey evriwhere
and shepad go dey to guide dia animals.
25 Doz wey don taya, I go give dem wota drink
kon feed doz wey don weak bikos of honga.
26 Den pipol go sey,
‘Wi sleep in peace and wake-up in peace.’ ”

27 God sey, "Di time dey kom wen I go make pipol and animals full Israel
and Judah land again. 28 And just as I make sure sey dem rut, pul, ova-
trow, distroy and skata dem, na so too I go make sure sey dem plant and
build dem back again.
29 "Wen dat time rish, pipol nor go sey, 'Papa and mama chop grape
wey nor ripe, but na dia shidren tit dey pain dem.' 30 Instead, di pesin
wey chop grape wey nor ripe, na en own tit go dey pain am and e go die
bikos of en own sin."
31 God sey, "Di time dey kom wen I go make new kovenant with Israel
and Judah pipol. 32 E nor go bi like di old kovenant wey I make with dia
grand-grand papa, wen I karry dem komot from Egypt. Even doh I bi like
dia husband, dem nor gri keep di kovenant wey wi make. 33 Afta I don
bring Israel pipol kom back to dia land, dis na di new kovenant wey I go
make with dem: I go put and rite my law for dia heart. I go bi dia God
and dem go bi my pipol.
34 "Pipol nor go nid to tish each oda about how to know God, bikos
evribody go know mi; both doz wey poor and doz wey get money. I go
forgive dia sins and I nor go remember di bad tins wey dem do before.
Mi, wey bi God, don tok."
35 God don promise Israel pipol sey,
"E go give dem sun as lite for day time,
while di moon and star go dey shine for nite.
E sey, E go shake di sea
and di wave go roll on-top each oda.
En name na God wey dey mighty."
36 God promise sey,
"As long as di world dey, na so too,
Israel go bi my nashon forever."
37 Dis na wetin Oga God tok:
"Just as nobody go fit measure di heavens
or open di eart foundashon,
na so too I nor go ever rijet Israel pipol
bikos of wetin dem do.
Mi, wey bi God, don tok!"
38 God sey, "Di time dey kom wen dem go ribuild evriwhere for Jerusalem
wey bi my town; from Hananel Towa for west go rish Korna Gate. 39 And
di boundary go kontinue from west go rish Gareb Hill kon turn go Goah.
40 All di valleys wey dem trow dead body and ashes put and all di field go
rish Kidron Brook and di Horse Gate for east, go dey holy for God. Nobody
go ever skata or distroy di town again."

# 32

*Jeremaya Buy One Field*

1 God tok to mi for di tent year wey Zedekaya bi king for Judah and dat
na di eighteent year wey Nebukadnezzar dey rule Babilon. 2 For dat time,
Babilon sojas attack Jerusalem and dem kon lock mi for di kourtyard wey
dey di royal palis. 3 King Zedekaya put mi for prison, bikos I tell am sey,
"God sey, 'I go allow Babilon king seize dis town 4 and yu, King Zedekaya,
nor go eskape. Dem go give Zedekaya to Babilon king and both of dem go

tok face-to-face. [5] Dem go take Zedekaya go Babilon and e go stay der until
I don deal with am finish. Even if e fight Babilon pipol, e nor go win.
Mi, wey bi God, don tok.' "
[6] Jeremaya sey, "God tell mi sey [7] Hanamel wey bi yor papa broda
Shallum pikin, go kom meet yu. So make yu buy en field wey dey for
Anatot, for Benjamin land, bikos yu bi en klose relashon and yu get rite to
buy am. [8] So, Hanamel kom meet mi for di kourtyard sey make I buy en
field, just as God tok. Den, I kon know sey, God really tok to mi. [9] So I buy
di field from Hanamel kon pay am seventeen pieces for silva. [10] I sign and
pipol witness evritin wey wi do, den I weigh di money for skale for am. [11] I
take di two paper wey wi sign as agriment (dem kontain di kontract and
di kondishon) [12] kon gi-am to Baruk wey Mahseaya pikin Neraya born. I
give dem to am for Hanamel, di witness wey sign di agriment and all Jew
pipol wey sidan for di kourtyard, present. [13] I tell Baruk for dia present
sey, [14] 'Israel God wey dey mighty don orda sey, "Make yu take di two
paper kon put dem inside klay pot, so dat dem go dey save." [15] Israel God
sey, "Pipol go buy many house, field and vineyard for dis land, again." '

### *Jeremaya Pray*

[16] "Afta I don give Baruk di agriment paper wey I take buy di land, I kon
pray, [17] 'My Oga God! Na Yu kreate heaven and eart with yor mighty pawa
and great strent. Nor-tin dey hard for Yu to do! [18] Yu don show betta love
to many-many pipol and Yu don still ponish pipol, bikos of dia papa and
mama sin. Yu bi great God wey get pawa well-well and Yu dey rule evritin.
[19] Yu dey make betta plan kon do mighty tins. Yu know evritin wey pipol
dey do and Yu dey reward dem akordin to wetin dem do. [20] Yu do strong
and wonderful tins for Egypt and Yu still dey do dem till naw, both for
Israel and for all di nashon and naw, dem don know Yu for evriwhere.
[21] Yu use yor mighty pawa and great strent take do mirakles and wonders
wey make fear katch awa enemies. Na like dis Yu take bring yor pipol,
Israel kom back from Egypt land. [22] Yu give dem di rish and betta land
wey Yu promise dia grand-grand papa. [23] But wen dem kom dis land kon
dey stay as dia own, dem nor kon dey obey yor kommand or do wetin
Yu tish dem; dem nor do wetin Yu orda dem to do and na dis make Yu
distroy dem. [24] Si as Babilon pipol build dia kamp round di town and dem
won seize and attack am. Dem go win, bikos war, honga and diziz don
already dey kill yor pipol. Naw, make Yu si sey evritin wey Yu tok, don
dey happen. [25] Even doh Yu know sey Babilon pipol won seize di land, na
Yu my Oga God, still orda sey make I go buy di field and do di agriment
for pipol present.'
[26] "Den God ansa mi, [27] 'Na mi bi di Oga wey bi evribody God. Nor-tin
too hard for mi to do. [28] So, mi wey bi God sey, "I go give dis town to King
Nebukadnezzar for Babilon and en sojas and dem go seize [29] and burn
am rish groun. Dem go burn am with di house where pipol for don make
mi vex, bikos dem dey burn incense give Baal juju on-top di house and
dey pour wine as ofrin give oda gods. [30] Dis tin go happen, bikos from
di biginnin kon rish naw, Israel and Judah pipol don disobey and make
mi vex, bikos of wetin dem do. [31] E go happen bikos since dem build dis
town kon rish naw, di pipol for dis town don make mi vex well-well, so I
go distroy am. [32] I go must do am, bikos of di bad-bad tins wey Judah and

Jerusalem pipol don do. Bikos of di wiked tins wey dem do, I go distroy am
with both dia king, leaders, priests and profets. 33 Instead of dem to obey
mi, dem turn dia back give mi. And even as I dey try to tish dem rish, dem
nor gri learn or listin. 34 Dem even go put dia yeye juju for di temple wey
dem build to woship mi and naw, dem don make am dirty. 35 Dem build
altar for Baal juju for Ben-Hinnom Valley where dem for dey sakrifice dia
shidren give Molek god. I nor sey make dem do like dis and I neva even
tink about dis kind tin at-all."

### *Hope Go Kom*

36 " 'Jeremaya! Yu and di pipol korrect wen una sey war, honga and
diziz go make dis town fall and Babilon king go seize am. Naw, make yu
listin to wetin I get to tok about dis town: 37 "I go gada all my pipol from
di kountry where I skata dem put, bikos I bin dey vex and I go bring dem
back to dis land, so dat dem go dey save. 38 Den, dem go bi my pipol and I
go bi dia God. 39 Di only tin wey I go let dem do for dis life: na to always
dey honor mi, bikos na for dem and dia shidren-shidren good. 40 I go make
kovenant wey nor dey end with dem sey I nor go ever stop to do good tins
for dem and I go make dem fear mi with all dia heart, so dat dem nor go
turn leave mi again. 41 I go happy to do good tins for dem and I go plant
dem for dis land forever.
42 " ' "Just as I bring dis wahala for dem, na so too I go give dem all
di good tins wey I don promise dem. 43 Una dey sey di land go bi like
desert where pipol or animals nor go dey again. Dem still sey dem go
give di land to Babilon pipol. But my pipol go buy field for dis land again.
44 Pipol go buy dia land and dem go sign di agriment, gum-am and pipol
go witness am. Dis tins go happen for Benjamin land; di village wey dey
round Jerusalem; all Judah town and for di towns wey dey di kountries
for hill with all di land under di hill for Judah sout. I go bring di pipol
kom back to dia land.

Mi, wey bi God, don tok." ' "

# 33

### *God Promise Peace*

1 Wen I still dey prison for di kourtyard, God tok to mi again. 2 Na mi,
God do dis tins! Na mi God, make di eart kon put am for where e dey so.
Dem know mi as Oga God; naw I dey tell yu, 3 "Koll mi wen yu dey pray
and I go ansa yu; I go tell yu great and wonderful tins wey yu nor know
about. 4 Mi, di Oga wey bi Israel God sey, war and wahala go skata all
di house for Jerusalem and di royal palis for Judah. 5 Una won go fight
Babilon pipol, but una sojas nor betta pass doz wey don die, bikos as I
dey vex, I don make up my mind to distroy dem. I don turn from dem,
bikos of dia wikedness. 6 But I go heal di town and en pipol kon make dem
well again. I go give dem peace forever and dem go dey save. 7 I go make
Israel and Judah pipol prosper and I go build dem as dem bi before. 8 I
go forgive dem dia sin. Yes! I go forgive dem all di sin wey make dem go
against my kommand. 9 Jerusalem go bring joy, honor and pride for mi
and all di nashons for di world go fear wen dem hear about di good tins
wey I go do for Jerusalem pipol and how I go make dia town prosper."

10 God sey, "Una dey sey, 'Dis place bi like desert, bikos pipol or animals
nor dey stay inside again.' Una korrect; bikos Judah town and all di street
for Jerusalem go dey empty; pipol or animal nor go stay der, but una go
hear pipol dey shaut dey happy for dis place again. 11 Una go hear am
kon shaut with happiness, with joy and belle go sweet una wen una dey
do marriage. Una go hear pipol dey sing as dem dey kom tank mi with
dia ofrin. Dem go sey, 'Make wi tank God wey dey mighty, bikos E good
well-well and en love dey forever.' I go make dis land prosper as e bi
before.

Mi, wey bi God, don tok."

12 God wey mighty sey, "Dis land wey bi like desert where pipol or
animals nor dey stay, I go turn am to where fresh green leaf go dey
and shepad go take dia sheep go chop for der. 13 Shepad go kount dia
sheep again for all di towns wey dey di hill kountry; di valley; Judah sout;
Benjamin land; di village wey round Jerusalem and all di town for Judah.
Mi, wey bi God, don tok."

14 God sey, "Di time dey kom wen I go do wetin I promise Israel and
Judah pipol. 15 For dat time, I go choose king wey dey raitious from David
shidren-shidren.

"Di king go do wetin dey korrect and good for evriwhere for di land.
16 As e dey rule, Judah pipol go dey save, while Jerusalem pipol go stay
for peace. For dat time, dem go koll Jerusalem town, 'God Don Save Us.'
17 Mi wey bi God, promise sey na only David shidren-shidren go always bi
king for Israel 18 and na from only Levi tribe priest go for always kom and
serve, offa burnt ofrin, korn ofrin and sakrifice for mi."

19 God tell mi, 20 "If yu fit break di kovenant wey I make with nite and
day, so dat dem nor go kom out again for di korrect time, 21 den yu go
still fit break di kovenant wey I make with my savant David and Levi tribe
wey sey, 'Kings go always kom from David family and na Levi family go
always bi priests.' 22 I go make my savant, David shidren-shidren and all
di priest from Levi tribe plenty, so dat dem nor go fit kount dem, just as
dem nor fit kount star for sky or san-san for wotaside."

23 God still tell mi sey, 24 "Yu si as pipol dey sey I don rijet Israel and
Judah pipol; di two family wey I choose? Na dis make dem nor dey respet
my pipol at-all, bikos dem nor si dem as strong nashon again. 25 But mi
wey bi God don make kovenant with di nite and day and I don make di law
wey dey kontrol di heaven and eart. 26 Since I don do dis tin, I go keep my
kovenant with my savant Jakob and David shidren-shidren. I go choose
one of David shidren-shidren make e rule ova Abraham, Isaak and Jakob
shidren-shidren. I go sorry for my pipol kon make dem prosper again."

# 34

*Message For Zedekaya*

1 Wen King Nebukadnezzar for Babilon, en sojas with oda sojas from di
kingdoms wey e dey rule, attack Jerusalem and Judah, God kon tok to mi.
2 Di Oga wey bi Israel God sey, "Make yu go tell King Zedekaya for Judah
sey, 'Mi, wey bi God, go give dis town to Babilon king and e go burn am
rish groun. 3 Yu nor go fit eskape and dem go katch yu give di king. Yu go
si and tok to am one-on-one, den dem go take yu go Babilon. 4 Zedekaya,

make yu listin to wetin I dey tok about yu. Dem nor go kill yu for war
and 5 yu go die for peace. Just as pipol burn incense wen dem beri yor
grand-grand papa wey bi king before yu, na so too dem go burn incense
for yu. Dem go mourn for yu kon sey, “Awa king don die!”
Mi, wey bi God, don tok.’ ”

6 Den I kon go tell King Zedekaya dis message for Jerusalem 7 and dat
time, Babilon king and en sojas dey attack di town. Di sojas still attack
Lakish and Azeka, di only oda strong town wey remain for Judah.

8 God tok to mi afta King Zedekaya and Jerusalem pipol don make
agriment sey make dem free 9 dia Hibru slaves, both man and woman,
so dat nobody go use en own broda or sista as slave again. 10 So all di
pipol and dia leaders kon gri to free dia slave and nor sofa dem again.
11 But afta, dem shange dia mind kon force dem to work as slave again.
12 Den di Oga wey bi 13 Israel God tell mi sey make I tell di pipol: “I make
kovenant with una grand-grand papa wen I take dem komot from Egypt
kon free dem from dia sofa. I tell dem sey, 14 ‘For di sevent year, dem must
free any Hibru pesin wey don serve dem for six years.’ But una grand-
grand papa nor gri hear or listin to wetin I tok. 15 Una bin shange kon dey
do wetin I wont. All of una gri to free una slave and una enter kovenant
for my present; for di temple where dem for dey woship mi. 16 But naw,
una don shange again and una nor gri respet mi. All of una don take di
slave wey una don free before back kon force dem to serve una again.

17 “Naw, mi wey bi God sey, ‘Una don disobey mi; una nor gri free una
brodas and sistas. Since na like dat, I go free una so dat war, honga and
diziz, go kill una. I go make evry nashon for di world fear for wetin I go
do to una. 18 I go ponish doz wey break di kovenant wey dem make with
mi kon make dem bi like melu wey dem divide into two kon waka pass
di centre. I go do am bikos dem nor gri keep di agriment wey dem make
for my present. 19 I go ponish Judah and Jerusalem leaders, ofisas, priests
and all di pipol for di land wey make di kovenant with mi. 20 I go make
dia enemies katch and kill dem, den birds and wiked animals go chop dia
dead body. 21 I go still give King Zedekaya and en ofisas to pipol wey won
kill dem. I go make Babilon sojas katch dem, even doh dem don stop di
fight for naw. 22 Bikos mi God don sey, I go orda dem and dem go kom di
town again. Dem go attack, seize and burn am rish groun. I go turn Judah
town to desert where nobody dey stay.’ ”

# 35

*Jeremaya With Rekab Pipol*

1 Wen Josaya pikin Jehoiakim bi king for Judah, God kon tell mi, 2 “Make
yu go Rekab town go tok to di pipol, den make yu bring dem kom one of
di room for di temple kon give dem wine drink.” 3 So I go meet Jaazanaya
(anoda Jeremaya pikin and Habazzinah grand-pikin) and en brodas with
en shidren, plus evribody wey dey Rekab town kon take dem 4 enter di
temple. I take dem enter di room where Igdalaya pikin, Profet Hanan
disciples dey stay. Di room dey near where di offisa for di temple dey stay
and Maaseaya wey Shallum born, wey dey guide di temple, dey stay for di
room wey dey up, inside di temple. 5 Den I put cup and basin wey wine full
for Rekab pipol front kon tell dem, “Make una take wine drink.” 6 But dem

ansa, "Wi nor dey drink wine, bikos awa grand-grand papa Jehonadab wey
Rekab born tell us sey, make wi nor ever drink wine." 7 E still tell us sey,
make wi nor build house, plant anytin or buy any vineyard for awasef. E
kommand us sey make wi dey stay for tent, so dat wi go fit stay for dis
land wey wi dey stay like strenjas. 8 "So wi, awa wifes, sons and dotas dey
obey wetin awa grand-grand papa, Jehonadab kommand us and since den,
wi neva drink wine; 9 build house for awasef; get vineyard or plant. 10 Na
tent wi dey stay and wi dey obey evritin wey Jehonadab awa grand-grand
papa, kommand us. 11 But wen King Nebukadnezzar for Babilon skata di
land, wi sey make wi kom Jerusalem, so dat wi go fit eskape from Babilon
and Siria sojas. Na dis make wi dey stay for Jerusalem naw."

12 Den Israel God wey dey mighty 13 sey make I go tell Jerusalem and
Judah pipol sey, "Mi wey bi God, dey ask una wetin make una nor gri
listin to mi kon obey evritin wey I kommand. 14 But Jehonadab shidren-
shidren obey wetin e kommand, wen e sey make dem nor drink wine. And
until naw, dem neva drink wine. Even doh I dey always tok to una, una
nor gri obey mi. 15 I send my savant, di profets kom meet una sey make
una stop di bad tins wey una dey do kon do di korrect tin. Dem warn
una sey make una nor woship and serve oda gods, so dat una go kontinue
to stay for dis land wey I give una and una grand-grand papa, but una
nor gri listin or hear dem. 16 Yes, Jehonadab shidren-shidren obey wetin
e kommand dem, but una nor gri obey mi. 17 So, mi wey bi Israel God dey
sey, 'I go distroy Judah and Jerusalem pipol, even don I bin don promise
dem good tins. I go do am, bikos una nor dey gri listin to anytin wey I tok
and wen I koll una, una nor dey ansa.' "

18 Den I tell Rekab pipol: "Israel God wey dey mighty sey, 'Una don obey
evritin wey una grand-grand papa Jehonadab tell una; dey follow evritin
wey e tish una and una don do evritin wey e kommand una.' " 19 So mi,
wey bi Israel God promise sey, "Jehonadab wey bi Rekab pikin, go always
get one of en sons wey go serve mi."

# 36

*Baruk Read Di Book For Di Temple*

1 For di fourt year wey Josaya pikin, Jehoiakim bi king for Judah, God
kon tell mi: 2 "Evritin wey I don tell yu about Israel, Judah and all di
nashon, make yu go rite dem put for one book. Yu go rite evritin wey I
tell yu from di first time wey I tok to yu, afta Josaya just bi king kon rish
naw. 3 May bi, if Judah pipol hear di way I won take distroy dem, dem go
shange from all di bad-bad tins wey dem dey do, den I go forgive all dia
sin and wikedness."

4 So, I koll Baruk wey bi Neraya pikin kon tell am evritin wey God tell
mi and Baruk rite evritin put for one book. 5 Den I tell Baruk, "Dem sey
make I nor enter di temple again. 6 So I wont make yu go der wen di pipol
dey fast again, den read wetin I tell yu sey God tok, wey yu rite for dis
book, so dat all of dem go hear am. 7 May bi, den dem go pray give God
kon shange from di bad tins wey dem dey do, bikos God don treaten dem
with en vexnashon and fire."

8 So Baruk read God word for di temple, just as I tell am sey make e do.
9 For di ninet mont for di fift year wey Jehoiakim bi king for Judah, all
di pipol wey dey Jerusalem and di pipol wey kom Jerusalem from Judah,

kom fast for God temple. 10 For dat time, Baruk enter di temple kon stand
for di gate wey bi Shafan pikin, Gemaraya di royal seketry room. Di room
dey di Uppa Kourt near di New Gate. Den e read from di book, evritin wey
I tok, so dat dem go hear am.

11 Mikaya wey Shafan pikin Gemaraya born, hear wen Baruk dey read
wetin God tok. 12 So e go di kourt seketry room for di royal palis where
all di ofisas dey. Elishama, di kourt seketry, Delaaya, wey bi Shemaya
pikin, Elnatan wey bi Akbor pikin, Gemaraya wey Shafan born, Zedekaya
wey Hananaya born and all di oda ofisas sidan for der. 13 Den Mikaya
tell dem evritin wey e hear Baruk dey read give di pipol. 14 So di ofisas
kon send Jehudi wey Shelemaya pikin Netanaya born and na Kushi born
Shelemaya. Dem sey make e go tell Baruk make e bring di book wey e
from read give di pipol. So Baruk karry di book go meet dem. 15 Dem tell
am, "Make yu sidan and read wetin dey di book for us." So Baruk read
am give dem. 16 Afta e read finish, dem look demsef kon dey sopraiz, so
dem tell Baruk, "Wi must go tell di king about all dis tins." 17 Den dem ask
am, "Tell us, how yu take rite dis tins, na Jeremaya tell yu?" 18 Baruk ansa,
"Na Jeremaya tell mi evritin wey I rite with ink for dis book." 19 Den dem
tell am, "Yu and Jeremaya must go hide and make una nor let anybody
know where una dey."

20 Di ofisas put di book for Elishama, di kourt seketry room, den kon
go tell di king evritin wey Baruk tok. 21 Den di king tell Jehudi, "Make
yu bring di book kom." So, Jehudi go bring di book kom from Elishama
room kon read am give di king and en ofisas wey stand round am. 22 Dat
time, na rainin sizin, so di king sidan for front of fire for en palis. 23 As
Jehudi read three or four line finish, di king vex, kut dat part for di book
komot with knife kon trow am for di fire. Na so e do until e burn di whole
book finish. 24 But even as di king and all en ofisas hear evritin, dem nor
still fear or turn from sin kom meet God. 25 Even doh Elnatan, Delaaya
and Gemaraya beg di king sey make e nor burn di book, e nor listin to
dem. 26 Den e tell Jerahmeel wey bi en pikin, Seraya wey Azriel born and
Shelemaya wey bi Abdeel pikin sey, "Make una go arrest Jeremaya and en
seketry, Baruk, kom." But God don hide dem.

### *Jeremaya Rite Again*

27 Afta King Jehoiakim don burn di book wey I tell Baruk make e rite,
God kon tell mi 28 sey make I take anoda book, rite evritin wey dey di first
one wey King Jehoiakim burn. 29 God sey make I tell di king: "Yu don burn
di book kon dey ask Jeremaya, 'Why yu sey Babilon king go kom distroy
dis land, kill evribody and all di animal?' 30 But naw, mi wey bi God dey
tell yu, King Jehoiakim sey, 'Yor shidren and shidren-shidren nor go ever
rule for David throne. Dem go trow yor dead body for under sun and kold
go make am block for nite. 31 I go ponish yu, yor shidren-shidren and all
yor ofisas, bikos of di sin wey all of una kommit. Yu or Jerusalem and
Judah pipol nor gri listin to my warnin. So I go bring di wahala wey I bin
tell una about, kom.' " 32 So, I take anoda book kon gi-am to my seketry,
Baruk and e rite evritin wey I tell am. E rite evritin wey dey di first won
kon add some oda ones wey I sey make e rite, join am.

# 37

*Jeremaya Warn Zedekaya*

1 King Nebukadnezzar for Babilon kon put Zedekaya wey bi Josaya pikin,
as king for Judah, instead of Jehoiashin wey bi Jehoiakim pikin. 2 But King
Zedekaya, en ofisas and di pipol nor gri obey di message wey God send
mi.
3 So King Zedekaya send Jehucal wey Shelemaya born and Priest
Zefanaya wey bi Maaseaya pikin sey make dem kom tell mi make I pray
make God kom help awa pipol. 4 By dat time, dem neva put mi for prison
and I still dey free to waka as I like for di town. 5 For dat time, Babilon
sojas surround Jerusalem, but wen dem hear sey Egypt pipol don cross
dia boundary dey kom, dem kon go back. 6 Den Israel God tell mi, 7 "Make
yu tell Zedekaya wey sey make yu pray make I help dem sey, 'Egypt sojas
wey bin dey kom help yu, go-go back to dia town wen dem don help yu
finish.' 8 But leta, Babilon pipol go kom back kon attack, seize and burn
dis town rish groun. 9 So mi wey bi God dey warn una naw sey, make
una nor deceive unasef sey Babilon sojas nor go kom back kon attack una,
bikos dem go really kom back. 10 Even if una kill Babilon sojas well-well
and na only di men wey una wound remain, dem go still kom burn dis
town rish groun."

*Dem Arrest Jeremaya*

11 Dis na wetin happen wen Babilon sojas leave Jerusalem, bikos Egypt
sojas dey kom. 12 From Jerusalem, I kon go Benjamin town, so dat I go
get my own part for awa family propaty. 13 But wen I rish Benjamin Gate,
Irijah wey Hananaya pikin Shelemaya born wey bi di guards oga kon stop
mi dey sey, "Na Babilon sojas send yu kom spy dis land!" 14 So I ansa, "No
o-o! I nor dey spy for Babilon sojas o-o." But Irijah nor gri listin to mi, so
e arrest mi kon take mi go meet di ofisas. 15 Dem vex for mi well-well kon
orda sey make dem beat and lock mi for Jonatan, di kourt seketry house
wey dem turn to prison.
16 Dem put mi for undagroun prison and I tey well-well for der. 17 Afta,
King Zedekaya sey make dem koll mi kom, den e take mi go korna kon
ask, "God give yu any message for us?" I ansa, "Yes! E give mi." Den I
sey, "Babilon king go kom katch and karry yu go." 18 Den I ask am, "Wish
crime I kommit against yu, yor ofisas and di pipol, wey make una put mi
for prison? 19 Wetin happen to yor profets wey sey Babilon king nor go
attack yu or dis town? 20 But naw my oga, make yu listin to mi kon do
evritin wey I dey beg yu. Make yu nor let mi go back to dat prison wey
dey Jonatan house. Bikos if yu send mi go back, I go die for der." 21 So,
King Zedekaya kon sey make dem lock mi for di kourtyard wey dey di
palis. I stay for der and evriday, dem dey give mi bread chop, until all di
bread for di town finish.

# 38

*Jeremaya Inside Dry Well*

1 Shefataya wey bi Mattan pikin; Gedalaya wey Pashhur born; Jehucal
wey bi Shelemaya pikin and Pashhur wey Malkijah born kon hear wen
I dey tell di pipol sey, 2 "God sey, 'Anybody wey stay for di town go die
for war or honga or diziz go kill-am. But di pipol wey go-go surenda give

Babilon pipol, nor go die; dem go eskape with dia life.' " 3 Dem still hear
wen I sey, "God sey, 'I go give Babilon sojas dis town and dem go seize
am.' " 4 Den di ofisas go meet di king kon tell am, "Dis man must die,
bikos wetin e dey tok, nor dey help di pipol; e dey kause pain kon make
di sojas and evribody for di town, dey fear." 5 King Zedekaya ansa, "No
wahala, make una do am anytin wey una like and I nor go stop una." 6 So
dem tie mi with rope kon drop mi small-small for inside Prince Malkijah
well wey dey di palis. Di well dry bikos wota nor dey inside.

7 Ebed Melek, one Ethiopia man wey dey work for di palis, hear sey dem
put mi for di well. And by dat time, di king get kase wey e won judge for
Benjamin Gate. 8 So Ebed Melek go der go tell di king, 9 "My oga, wetin dis
men do so, nor good o-o. Dem don put Jeremaya inside well, where dem
know sey honga go kill-am, bikos food nor dey di town." 10 Den di king
sey make Ebed Melek take thirty men follow body, so dat dem go-go bring
mi kom out from di well before I go die for der. 11 So Ebed Melek and di
men kon go di store where dem dey keep tins for di palis kon kollect old
klot, tie am join rope kon trow am give mi. 12 E sey make I put di klot for
under my armpit, so dat di rope nor go wound mi. So I do as e tok, 13 den
dem drag mi kom out kon take mi go di kourtyard.

### *Jeremaya Warn Zedekaya Again*

14 One day, King Zedekaya sey make dem bring mi kom meet am for di
third gate wey dem dey pass enter di temple, den e sey, "I won ask yu
kweshon and I wont make yu tell mi di whole trut." 15 But I ansa, "If I
tell yu di trut, yu go kill mi and if I advise yu, yu nor go listin." 16 So King
Zedekaya promise mi for sekret sey, "I swear with God wey dey alive and
wey give us life sey, I nor go kill or give yu to di men wey won kill yu."

17 Den I tell Zedekaya, "Israel God sey, 'Yu nor go die if yu surenda give
Babilon king and dem nor go burn dis town rish groun; both yu and yor
family go live. 18 But if yu nor surenda, Babilon pipol go take dis land;
dem go burn di town rish groun and yu nor go fit eskape from dem.' "
19 But di king ansa, "I dey fear awa own pipol wey don already surenda to
Babilon king. Babilon king fit give mi to dem and dem go sofa mi." 20 So
I kon tell am, "E nor go give yu to dem. I dey beg yu make yu listin to
God message, den evritin go-go well for yu and dem nor go kill yu. 21 But
if yu nor gri surenda, dis na wetin God show mi sey go happen: 22 'For di
vishon, I si sey, dem karry all di wimen wey remain for Judah royal palis
go meet Babilon ofisas and dis na wetin dem dey tell di king:

" ' "Na yor best friends give yu wrong advise,
dem dey kontrol yu
and naw wey yu don enter trobol,
all of dem don run leave yu." ' "

23 Den I sey, "Dem go take all yor wifes and shidren go give Babilon pipol
and yu too nor go fit eskape. Babilon king go katch yu as prisona and dem
go burn dis town rish groun."

24 Zedekaya kon sey, "Nor let anybody know wetin wi tok so, if not yu
go die. 25 If di ofisas hear sey I tok to yu, dem go kom ask yu wetin wi
tok. Dem go promise yu sey dem nor go kill yu if yu tell dem evritin wey
wi tok. 26 But just tell dem sey yu dey beg mi make I nor send yu go back
to prison, so dat yu nor go die for der." 27 So all di ofisas kom kweshon

mi and I tell dem wetin di king sey make I tok. Nor-tin dem fit do, bikos
anoda pesin nor hear wetin wi tok. 28 So I dey di palis kourtyard, until di
day wey dem attack and karry Jerusalem pipol go Babilon.

# 39

*Jerusalem Fall*

1 For di tent mont inside di ninet year wen Zedekaya bi king for Judah,
King Nebukadnezzar for Babilon kom attack Jerusalem with en sojas.
2 Babilon sojas break enter Jerusalem for di ninet day for di fourt mont
wen Zedekaya don dey rule for eleven years. 3 Wen dem attack Jerusalem,
Babilon sojas go pozishon demsef for di Middle Gate and Nergal-Sharezer
wey kom from Samgar, Sarsechim and anoda Nergal-Sharezer wey bi
senior ofisas dey among dem too. 4 Wen King Zedekaya and all en sojas
si wetin dey happen, dem kon try to run komot for di town for nite. Dem
pass di gate wey join di two wall for back near di king gardin kon go
Jordan River Valley. 5 But Babilon sojas porshu dem kon katch Zedekaya
near Jeriko. Den dem take am go meet King Nebukadnezzar for Riblah
town wey dey Hamat land and na for der Nebukadnezzar for judge am.
6 Dem force Zedekaya make e dey look as dem dey kill all en shidren and
en ofisas for Riblah. 7 Afta dat one, dem blind Zedekaya eye kon tie am
with shain, den dem karry am go Babilon. 8 By dat time, Babilon sojas don
burn di royal palis and all di house wey dey Jerusalem rish groun, den
dem kon skata di wall. 9 Den Nebuzaradan, wey dey kommand di sojas
kon karry di pipol wey remain for di town and di ones wey nor strong, go
Babilon as prisonas. 10 But e leave some poor pipol kon give dem vineyard
and farm, so dat dem go dey work for der.

*Dem Release Jeremaya*

11 But King Nebukadnezzar kommand Nebuzaradan wey bi di sojas oga
sey make e go find Jeremaya kom. 12 E tell am, "Make sure sey Jeremaya
nor wound and yu go kare for am kon gi-am anytin wey e wont." 13 So
Nebuzaradan, with some big ofisas wey bi Nebushazban, Nergal-Sharezer
with all di oda Babilon king offisa 14 kon bring mi kom di palis kourtyard.
Dem sey make Gedalaya wey Shafan pikin Ahikam born, kare for mi and
make sure sey I rish house well. So I kon stay my house for Judah with di
pipol wey remain.

15 Wen I still dey prison for di palis, God tell mi 16 sey make I tell Ebed
Melek wey kom from Ethiopia sey, "Israel God wey dey mighty sey, 'Just
as I promise, I go distroy dis town and nor-tin go remain.' And yu go si
am wen e dey happen. 17 But mi, wey bi God go protet yu from di pipol
wey yu dey fear. 18 I go save yu and dem nor go kill yu. Yu go eskape with
yor life, bikos yu trust mi.

Mi, wey bi God, don tok."

# 40

*Jeremaya Stay With Gedalaya*

1 God tok to mi afta Nebuzaradan, wey bi di sojas oga don free mi for
Rama. Na shain dem bin take dey karry mi as prisona go Babilon with all
di oda pipol from Jerusalem and Judah. 2 Di sojas oga take mi go one side

kon tell mi, “Di Oga wey bi yor God sey, E go distroy dis land [3] and naw,
E don do wetin E sey E go do. All dis tin happen, bikos yor pipol sin and
nor gri obey God. [4] But naw, I dey take di shain komot from yor hand kon
free yu. If yu like follow mi go Babilon, no problem! I go kare for yu for
der. But if yu nor won go, yu fit choose anywhere wey yu wont, den make
yu go der.” [5] Wen I nor ansa, Nebuzaradan kon sey, “Make yu go back go
meet Gedalaya wey Shafan pikin, Ahikam born, bikos na-im Babilon king
don choose as rulers for Judah. Yu fit stay with en and di pipol or yu fit
still go anywhere wey yu like to go.” Den e give mi gift and some food kon
sey make I dey go. [6] Gedalaya wey bi Ahikam pikin, I go stay en house for
Mizpa kon dey with my pipol wey remain for di town.

### *Gedalaya Rule Judah*

[7] Some among Jew ofisas and dia sojas still hide for di kountry for di
hill. Wen dem hear sey Babilon king don make Gedalaya wey bi Ahikam
pikin govnor for di land ova di men, wimen, shidren and doz poor pipol
wey dem nor karry go Babilon as prisonas, [8] Ishmael wey Netanaya born;
Johanan wey bi Kareah pikin; Seraya wey Efai pikin Tanhumet born wey
still kom from Netofat; with Jezanaya wey kom from Maaka kon go meet
Gedalaya for Mizpa with dia men. [9] Gedalaya tell dem, “I dey tell una naw
sey, make una nor fear to surenda give Babilon pipol. Make una stay for
dis land, serve Babilon king and evritin go-go well for una. [10] Mi too, go
stay for Mizpa to tok for una wen Babilon pipol kom here. Una fit gada and
store wine, fruit and olive oil kon stay for di village wey una don choose.”
[11] By dat time, Israel pipol wey dey Moab, Ammon, Edom and oda kountry
hear sey Babilon king allow some Israel pipol stay for Judah and e don
make Gedalaya dia govnor. [12] So dem komot from where dem dey kon go
stay Judah. Dem kom meet Gedalaya for Mizpa and dem harvest many
wine and fruit for der.

### *Dem Kill Gedalaya*

[13] Afta, Johanan and di sojas oga wey hide before, go meet Gedalaya for
Mizpa, [14] e kon tell am, “Yu nor know sey, ‘King Baalis for Ammon don
send Ishmael make e kom kill yu?’ ” But Gedalaya nor bilive dem. [15] Den
Johanan koll am go korna kon sey, “Make I go kill Ishmael and nobody go
know who do am. If not, e go kill yu and dat kind tin go skata Jew pipol
wey gada round yu and e go kause wahala for evribody wey remain for
Judah.” [16] But Gedalaya ansa, “Make yu nor do am! Bikos wetin yu dey
tok about Ishmael so, na lie!”

## 41

[1] For di sevent mont for dat same year, Ishmael wey Elishama pikin,
Netanaya born, wey still bi memba for di royal family and one of di king
main offisa kon go meet Gedalaya for Mizpa and e karry ten men follow
body. Wen all of dem dey chop togeda, [2] Ishmael and di ten men, bring
dia swod out kon kill Gedalaya wey Babilon king put as govnor for Judah.
[3] Ishmael still kill Israel pipol and Babilon sojas wey follow Gedalaya dey
for Mizpa.

[4] Di next day, before anybody know sey Gedalaya don die, [5] eight men
kom from Shekem, Shiloh and Samaria. Dem don skrape dia hair, tear dia

klot kon kut demsef to show sey dem dey mourn and dem karry korn and
incense go offa for di temple. 6 So Ishmael kry komot for Mizpa go meet
dem. Wen e si dem, e kon sey, “Abeg! Make una kom si wetin happen
to Gedalaya!” 7 But as dem just enter di town, Ishmael and en men kill
dem kon trow dia body put for well. 8 But e get ten men for di group wey
tell Ishmael sey, “Abeg! Make yu nor kill us! Wi get wheat, barley, olive
oil and honey wey wi hide for farm.” So e nor kill doz ones. 9 Di well
wey Ishmael trow di men dead body put, na King Asa dig am wen King
Baasha for Israel kom attack am. Naw, Ishmael don pak dead body full
am. 10 Den di king dota and all di rest pipol for Mizpa wey Nebuzaradan
put for Gedalaya kare, Ishmael kon karry all of dem go Ammon land as
prisonas.

11 But wen Johanan and di oda soja leaders hear wetin Ishmael do, 12 dem
kon porshu and katch Ishmael near di big pool wey dey Gibeon. 13 Wen
di pipol wey Ishmael katch as prisonas si Johanan and di oda sojas, dem
kon dey happy. 14 Dem turn kon run go meet Johanan, so dat e go help
dem. 15 But Ishmael and eight of en men run leave Johanan kon eskape
go Ammon land.

16 Den Johanan and di oda sojas oga karry all di pipol wey Ishmael
katch as prisonas from Mizpa, afta e don kill Gedalaya. 17 Dem take all of
dem go Gerut Kimham village near Betlehem and dem from der go Egypt.
18 Dem dey fear wetin Babilon pipol go do wen dem hear sey Ishmael kill
Gedalaya, di govnor wey Babilon king choose. As dem dey go, dem kon
stop for Kimham wey dey near Betlehem.

# 42

### *Di Pipol Say Make Jeremaya Pray For Dem*

1 Den all di sojas oga with Johanan wey bi Kareah pikin and Jezanaya
wey Hoshaaya born kom with oda pipol 2 kon tell mi: “Abeg, make yu do
wetin wi won tell yu so! Make yu help us wey dey alive pray to di Oga
awa God. Wi many before, but naw, yusef dey si sey wi nor many again.
3 Make yu pray make di Oga awa God show us where wi go-go and wetin
wi go do.” 4 So, I ansa, “No wahala! I go pray to di Oga awa God just as
una tok, den I go tell una anytin wey E tok! I nor go hide anytin from
una!” 5 Den dem tell mi, “Make God wey dey tok true and dey faithful, bi
awa witness if wi nor do wetin E sey make yu tell us. 6 Weda wi like wetin
God tok or not, wi go obey di Oga awa God wey wi sey make yu help us
pray to. Bikos wi know sey, if wi obey am, evritin go dey well for us.”

### *God Ansa Jeremaya Prayer*

7 Afta ten days, God tok to mi, 8 so I kon koll Johanan, di sojas offisa, doz
wey dey with am and di oda pipol. 9 I tell dem, “Di Oga wey bi Israel God
wey una sey make I pray give, dis na wetin E tok: 10 ‘If una ready to stay
for dis land, I go build una up and una nor go skata again; I go plant una
and nor-tin go fit rut una again. Na pains and sorrow full my heart, bikos
of di wahala wey I kause for una. 11 Make una nor fear Babilon king; I dey
with una and I go save una from en pawa. 12 I go show una mesi. So, I go
make am sorry for una kon allow una go back to una own land.

Mi, wey bi God, don tok.’

13 “But if una sey, ‘Wi nor won stay for dis land!’ Den una dey disobey di
Oga una God. 14 Make una nor sey, ‘No! E betta make wi go Egypt instead
of us to stay dis land, bikos for der, wi go dey free from war and food
plenty for der wey wi go chop.’ 15 If una wey remain for Judah do like dat,
den make una hear wetin Israel God dey tok, ‘If una don gri sey una won
go stay for Egypt, 16 den di war wey una dey fear, go happen and honga
go kill una for der. 17 Na war, honga and diziz go kill all di pipol wey gri
sey dem won go stay Egypt. No one among dem go survive or eskape di
wahala wey I go bring for dem.’ 18 Bikos Israel God sey, ‘Just as I pour my
vexnashon and fire for Jerusalem pipol, na so too, I go pour my vexnashon
for una head, if una go Egypt. Pipol go si una dey fear, dem go hate and
use una name as curse. Una nor go ever si dis place again.’

19 “I still tell dem, ‘God don tell una wey remain for Judah sey make una
nor go Egypt.’ So I dey warn una, 20 make una nor make big mistake. Na
una sey make I pray give di Oga awa God and una promise sey una go do
evritin wey E kommand. 21 And naw, I don tell una, but una nor one gri
do evritin wey God sey make I tell una. 22 So make una remember sey;
una go die for war and honga and diziz go kill una for di land wey una
dey run go stay.”

# 43

*Dem Take Jeremaya Go Egypt*

1 Wen I don tell di pipol evritin wey di Oga dia God sey make I tell dem,
2 Azaraya wey bi Hoshaaya pikin and Johanan wey Kareah born with di
oda sturbon men for Jerusalem kon tell mi, “Na lie yu dey lie! Di Oga awa
God nor sey make yu tell us make wi nor go Egypt. 3 But na Baruk wey
Neraya born, na-im sey make yu tell us dis kind lie, so dat Babilon pipol go
kill or karry us go Babilon, bikos dem get pawa pass us.” 4 So Johanan, di
sojas offisa and di oda pipol nor gri stay for Judah, just as God kommand
dem. 5 Den Johanan kon karry doz wey remain for Judah; both di men,
wimen, shidren, di king dotas and di pipol wey kom from oda nashons, go
Egypt. 6 Evribody wey Nebuzaradan wey bi di sojas oga leave for Gedalaya
kare, dem karry dem go Egypt. Dem still karry mi and Baruk follow body.
7 Dem nor obey wetin God kommand and dem kon go Tahpanhes town for
Egypt.

8 God tok to mi for Tahpanhes sey, 9 “Make yu take some big-big stone
for Judah pipol front kon go beri dem for Fero house front for Tahpanhes.
10 Den tell di pipol sey, ‘Mi wey bi Israel God wey dey mighty go bring my
savant, King Nebukadnezzar for Babilon kom dis place and e go put en
throne kon spread en royal tent on-top dis stone wey Jeremaya beri so.
11 Nebukadnezzar go kom win Egypt. Di pipol wey I don sey diziz go kill,
na diziz go kill dem; doz wey dem go karry go as prisonas, dem go karry
dem go and doz wey dem go kill for war, go die for war. 12 I go set fire for
Egypt gods temple and Babilon pipol go burn dia gods or karry dem go.
Just as shepad dey kill and remove all di lice wey dey en klot, na so too
Babilon king go kill and remove Egypt pipol from dia land. 13 E go distroy
dia juju pila wey dey di Sun Temple with all di gods for Egypt; den e go
burn dia temple rish groun.’ ”

# 44

*Israel Pipol Wey Dey Egypt*

1 God tell mi about Israel pipol wey dey stay for Migdol, Tahpanhes,
Memfis and all di oda towns wey dey Egypt sout. 2 Israel God wey dey
mighty sey, "Yu yorsef don si di way I take distroy Jerusalem and all di
oda towns wey dey Judah. Dia town still skata and dem nor get hope
again, 3 bikos dem sin kon make mi vex. Dem offa sakrifice kon dey serve
oda gods wey dem or yu or dia grand-grand papa nor ever woship. 4 I dey
send my savants and di profets kom meet dem, so dat dem go stop all dis
wiked tins wey I hate, 5 but dem nor gri listin or hear mi. Dem still dey
offa sakrifice give oda gods. 6 Na dis make mi pour my fire and vexnashon
for Judah towns and all di street for Jerusalem. As e bi naw, dia life don
skata and pipol wey si dem, dey fear.

7 "So, mi wey bi Israel God dey ask, 'Wetin make una dey distroy unasef?
Nobody among una wey kom here from Judah go survive: weda na man
or woman, pikin or di shidren wey dem just born. Dem go distroy all of
una finish. 8 Why una dey woship juju and sakrifice give Egypt gods? Na
bikos una dey stay der? Abi una nor know sey una dey make mi vex? Una
dey distroy unasef and na dis make all di nashons for di eart dey trit una
anyhow kon use una name as curse! 9 Una don forget all di wiked tins
wey una grand-grand papa, Judah kings, dia wife, una and una wife do
for Judah town and Jerusalem strits? 10 But till naw, una neva gri honbol
unasef. Una neva honor mi or live una life as I kommand una and una
grand-grand papa.

11 " 'Bikos of dis, mi wey bi Israel God, go turn against una kon distroy
Judah. 12 Den, Judah pipol wey remain, wey don make up dia mind sey
dem won go Egypt, I go make sure sey, dem distroy dem finish. Both big
and small go die for Egypt; weda na for war or honga. Pipol go si dem
dey fear and dem go trit dem anyhow kon use dia name as curse. 13 I go
ponish all di pipol wey dey Egypt, just as I take war, honga and diziz take
ponish Jerusalem pipol. 14 Judah pipol wey kom stay Egypt, nobody among
dem go eskape or survive. Nobody among dem go-go back to Judah, wey
dem like to go stay again. Nobody go-go back, escept some slave.' "

15 Den all di men wey know sey dia wife dey offa sakrifice give oda gods
and di wimen wey stand der with Israel pipol wey dey stay for Egypt sout,
all of dem kon gada kom tell mi sey, 16 "Wi nor go listin to wetin yu tell
us sey na God tell yu. 17 Instead, wi go do evritin wey won do. Wi go offa
sakrifice give awa goddes wey bi Heaven Kween kon pour wine for am too,
just as wi, awa grand-grand papa, awa king and leaders dey do for Judah
towns and Jerusalem strits before. Dat time, wi get plenty food to chop;
wi dey prosper and wi nor get wahala. 18 But since wi stop to sakrifice
and pour wine give Heaven Kween, wi nor get anytin again and war with
honga don early kill awa pipol finish." 19 Di wimen still sey, "Before wi
bake kake wey bi like Heaven Kween or offa sakrifice or gi-am wine, wi
dey first tell awa husband and dem dey gri with evritin wey wi dey do."

20 Den I tell all di men and wimen wey ansa mi like dis sey, 21 "Una
tink sey God nor know sey una and una grand-grand papa with una kings,
ofisas and all di pipol dey burn incense give juju for Judah town and all di
street for Jerusalem? 22 Bikos God nor fit bear all di yeye tins wey una dey

do, na dis make am turn una land to where pipol dey curse. E don skata
am and pipol nor dey stay der again. 23 All dis tins happen to una, bikos
una offa sakrifice give oda gods kon sin against God wen una nor gri obey
wetin E kommand."
24 Den I tell all di pipol, especially di wimen, "Wetin Israel God wey dey
mighty tok about Judah pipol wey dey Egypt? 25 Una and una wifes don
promise Heaven Kween sey una go offa sakrifice kon gi-am wine and una
don do as una tok. No problem at-all! Make una keep una word kon do
wetin una promise! 26 But naw, make una listin to di promise wey mi, God
make with my strong name and dis promise na for Israel pipol wey dey
Egypt: 'I nor go ever let una use my name take make promise again or sey,
"I swear with God wey get pawa!" 27 I go make sure sey, una nor prosper
and dem go distroy una finish. Diziz and war go kill una, until nobody go
remain again. 28 But some of una go eskape from Egypt kon go back to
Judah. Den, doz wey survive go know wish pesin word happen. Weda na
my own or dia own. 29 Mi wey bi God go show una sign sey I go ponish
una for dis place and as I promise sey I go distroy dis place, na so e go bi.
30 Just as I give Zedekaya for Judah to King Nebukadnezzar for Babilon, na
so too I go give King Hofra for Egypt to en enemies.' "

# 45

*God Promise Baruk*

1 For di fourt year wey Josaya pikin, Jehoiakim bi king for Judah, Baruk
wey bi Neraya pikin, rite evritin wey I tell am. So I sey, 2 "Dis na wetin
Israel God dey tell Baruk: 3 Yu sey, 'I don taya and I nor get hope again!
God don add join all my wahala and naw, my body dey pain mi and I nor
get rest!' "
4 But God tell mi Jeremaya, "Make yu go tell Baruk sey, 'I go soon skata
wetin I build kon rut wetin I plant. I go do like dis for evriwhere for di
world. 5 Yu dey find betta tins for yorsef? Make yu nor worry yorsef, bikos
I won bring wahala kom dis world. But anywhere wey yu won go, I go let
yu go and I go save yu.' "

# 46

*Judgement For Egypt*

1 God tok to mi about di nashons.
2 Dis na wetin E tok about Egypt and King Neko sojas for Egypt, wey King
Nebukadnezzar for Babilon win for Karkemish near Eufrates River for di
fourt year wen Jehoiakim bi king for Judah.

3 Egypt offisa dey shaut,
"Make una ready una weapon kon mash go fight!
4 Make una ready and klimb una horse!
Make una take pozishon kon wear una helmet!
Den sharp una spear kon wear una war klot!"
5 But God ask, "Na wetin I dey si so?
Dem dey turn back, bikos of fear.
Babilon sojas win dia sojas and dem kon run.
Dem fear kon kwik-kwik run and dem nor even look back.
6 Even di sojas wey sabi run well-well,
nor fit eskape.

Wen dem run rish di nort side for Eufrates River,
dem stagga kon fall.
7 Who bi dis wey dey flow kom like River Nile;
like river wey en wota dey rush enter land?
8 Na Egypt dey flow like River Nile;
like river wey dey rush enter land.
Egypt sey, 'I go kover di world;
I go distroy many towns and di pipol wey dey stay inside.
9 Make una kommand di shariot make dem go!
Make una send sojas from Ethiopia, Libya and Lydia.
Men wey fit fight with shield and bow.' "
10 Na God wey dey mighty get today.
Today, E go take revensh kon ponish all en enemies.
En swod go kill all of dem.
God wey dey mighty don sakrifice doz
wey fall for en trap for di nort side for Eufrates River.
11 Egypt pipol! Make una go Gilead go find medicine,
but all una medicine nor go work and nor-tin go fit heal una.
12 Oda nashons don hear of una shame
and evribody don hear una kry.
One soja fall press anoda one
and unasef don fall rish groun.

### *Nebukadnezzar Dey Kom*

13 Wen King Nebukadnezzar kom attack Egypt, God tell mi sey,
14 "Make yu shaut am for Egypt,
Migdol, Memfis and Tahpanhes sey,
'Make una ready to defend unasef,
bikos dem go kom fight and distroy evritin where una get!'
15 Wetin make una mighty god wey dem dey koll Apis, fall? Na God strike am.
16 Una sojas don fall! Dem dey tell each oda sey,
'Make wi hurry go house go meet awa pipol,
before awa enemies go kill us finish!'
17 For der, dem go sey, 'Make una give Egypt king new name,
bikos e too make nois and na dis make am miss all en shance.'
18 Mi, God wey dey mighty, I bi king.
Na mi bi di God wey dey alive.
As Mount Tabor high pass di mountins
and Mount Karmel high pass di sea,
di enemies wey dey kom attack una,
na so dia pawa bi.
19 Egypt pipol, make una ready to go Babilon as slaves!
Dem go turn Memfis to desert
and e go bi dirty land where nobody dey stay.
20 Egypt bi like fine melu,
but sojas from nort go kom attack am
like wiked fly wey dey bite pesin.
21 Even di sojas wey dem hire lazy like small goat.
Instead make dem stand fight,
na run dem dey run.

Di day for dem to face wahala and ponishment,
don kom.
22 Wen Egypt pipol si dia enemies dey kom,
dem run kon dey hiss like snake.
Dia enemies attack dem with axe
like pesin wey dey kut tree
23 or klear tick forest.
Dia men too many to kount
and dia sojas many pass ant.
24 Dem disgrace Egypt pipol
and na doz from nort win dem.
Mi, wey bi God, don tok."

25 Israel God still sey, "I go ponish Amon; Tebes god; Egypt with en
gods and kings. I go karry Egypt king with doz wey trust am 26 give King
Nebukadnezzar and en sojas wey won kill dem. But afta, pipol go stay for
Egypt again, as dem do before.
Mi, wey bi God, don tok.

### *God Go Save En Pipol*

27 "So make my pipol, Israel nor fear!
Make una heart nor shake.
I go save una from dat land wey far
wey una for bi prisonas.
Una go kom back to una land
kon stay for peace.
Una go dey save
and nobody go make una fear again.
28 I go kom meet and save una.
I go distroy all di nashons where I skata una go,
but I nor go distroy una.
I go must ponish una,
but I go do am to korrect una.
Mi, wey bi God, don tok."

# 47

### *Message About Filistia*

1 Before Egypt king attack Gaza, God tok to mi about Filistia sey,
2 "Look! Wota dey boil for nort
and e go rush kom like river wey dey flow.
Dem go kover di land plus evribody
and evritin wey dey der.
Pipol go dey shaut for help
and evribody for di eart go kry well-well.
3 Wen dem hear dia enemies shariot sound,
dia pawa go fail dem
and papa and mama go run leave dia shidren.
4 Di time don rish wen dem go distroy Filistia pipol
kon stop doz wey dey help Tyre and Sidon.
Mi wey bi God go distroy Filistia pipol
and all di pipol wey kom from Krete wotaside.
5 Bitter wahala don kom meet Gaza pipol
and Ashkelon pipol

na wen una go stop to kry and pity for unasef?
6 Na wen una go kry rish kon sey,
'Oga God, na wen Yu go stop
to kill us with yor swod?
Wi beg, make Yu put yor swod down
kon rest small!'
7 But how di swod won take rest
wen I don gi-am work to do?
I don kommand am make e attack Ashkelon pipol
and doz wey dey di wotaside."

# 48

### *Message About Moab*

1 Dis na wetin God tok about Moab pipol:
"Betta wahala dey kom meet Nebo pipol,
bikos dem don distroy and seize Kiriataim town.
Dem don skata en strong wall
kon make di pipol dey shame.
2 Pipol nor go praiz Moab again.
Enemies don seize Heshbon land
kon plan as dem go take distroy Moab town.
Dem go distroy Madmen town too
and na wiked sojas go mash kom skata am.
3 Horonaim pipol dey kry sey,
'War don Kom! Dem don distroy us finish o-o!'
4 Dem don distroy Moab!
Make una hear as en shidren dey kry.
5 Make una hear dia kry for di road wey dem dey pass go Luhit.
Dem dey kry with pain as dem dey go Horonaim.
6 Dem sey, 'Make una kwik-kwik run for una life!
Make una run like donkey for desert!'
7 Moab! Yu trust yor pawa and di many money wey yu get,
but naw, yu go die
and strenjas go karry Kemosh wey bi yor god,
en prince and priests,
go anoda land.
8 Doz wey dey distroy go distroy evry town.
E nor get any town wey go eskape.
Dem go distroy di town dem wey dey di valley
with doz ones wey dey di hill too.
Mi, wey bi God, don tok.
9 So make una build grave for Moab,
bikos dem go soon distroy am.
Dem go skata di town
and nobody go stay der again."
10 (Pesin wey nor do God work with all en heart,
na curse go follow am
and na di same curse go follow
who nor bring en swod kom out to take kill!)

### *Dem Distroy Moab*

11 God sey, "Moab pipol dey always stay for peace

and dem neva ever karry dem go do slave work.
Moab pipol bi like wine wey dem leave make e setol rish groun;
wine wey dem nor dey pour from cup to cup.
Yes! Di wine still sweet
and en taste still good as e bi before.
12 But di time dey kom wen I go send pipol go pour Moab pipol,
just as dem dey pour wine.
Di wine pot for Moab go empty
and dem go break di pot to pieces.
13 Den, just as Israel pipol shame for dia god for Bethel,
na so too Moab pipol go shame for Kemosh wey bi dia god.
14 Moab men, why una dey bihave like sey una get pawa
or sey una strong well-well for war?
15 Dem don distroy Moab town and all en pipol;
all di fine yong men for der,
dem don kill dem finish.
Na mi bi di king, di God wey dey mighty, and I don tok.
16 Di time wen dem go distroy Moab land don near
and di wahala go soon start.
17 Una wey dey stay near dat nashon,
make una mourn for am.
Yes! All of una wey know en glory.
Make una sey, 'Si as en strong pawa don break;
en glory and en pawa nor dey again.'
18 Yu wey dey stay for Dibon,
kom down from yor place where honor dey kon sidan for san-san;
bikos di pesin wey distroy Moab
and skata en strong-strong buildings, go distroy una too.
19 Yu wey dey stay Aroer,
make yu stand for road kon look well;
den ask di pipol wey dey run, wetin dey happen.
20 Dem go ansa, 'Moab don fall!
Make una kry for am,
bikos dem don disgrace am.
Make una shaut near Arnon River sey,
"Moab don skata!" '
21 "Judgement don kom di towns wey dey up and dem bi: Holon, Jahza,
Mefaat, 22 Dibon, Nebo, Bet-Diblataim, 23 Kiriataim, Bet-Gamul, Baal-Meon,
24 Keriot and Bozrah: judgement don kom meet di towns wey dey Moab:
both di ones wey dey far and di ones wey dey near. 25 Dem don break and
distroy Moab pipol pawa.
Mi, wey bi God, don tok."
26 God sey, "Make Moab stagga kon fall like pesin wey don drink,
bikos dem go against mi.
Moab go roll on-top en vomit
and pipol go laf am.
27 Moab pipol, hope una remember how una take laf Israel pipol?
Una trit dem like sey dem bi tif.
28 Una wey dey Moab, make una komot from town
go stay for under rocks!
Make una bi like dove wey dey build en house on-top rock.

29 Moab pipol too dey proud!
I don hear as dem proud and sturbon rish
and how dem dey tink of demsef alone.
30 Mi wey bi God, I know as dem dey karry body.
Dem just dey boast for nor-tin
and all di tins wey dem dey do, nor go last.
31 So, I go kry for doz
wey dey Moab and Kir-Hareset.
32 I go kry well-well for Sibmah and Jazer pipol.
Sibmah town, yu bi like vine wey en branches rish Dead Sea
den kon go Jazer town.
But naw, yor fruit and grape wey yu plant for dry sizin,
don skata.
33 Di happiness and joy wey dey Moab land,
don vanish.
I don make dia wine stop to flow from di winepress.
Nobody dey to make wine for dem
and una nor go hear happiness nois from der again.
34 Heshbon and Elealeh pipol kry well-well
and dem hear dia kry
for Jahaz, Zoar, Horonaim and Shelishiyah town.
But Nimrim river, don dry.
35 I go stop Moab pipol make dem nor dey burn ofrin
for where dem for dey woship and offa sakrifice give dia gods.
Mi, wey bi God, don tok.
36 So I dey kry from my heart for Moab and Kir-Heres pipol
like pesin wey dey blow trumpet and sing burial song,
bikos evritin wey dem get, don vanish.
37 All of dem don shave dia hair and barber dia bear-bear.
Dem wear sak kon kut dia hand,
so dat di marks go show sey dem dey mourn.
38 On-top Moab house and for di meetin place,
na only pipol wey dey mourn and kry dey der,
bikos I don break Moab like pot wey pipol
nor won use again.
39 Moab don skata! Make una kry well-well,
bikos dem don disgrace Moab.
Di town don skata and all di nashon wey dey round am,
dey laf am.
Mi, wey bi God, don tok."
40 God don promise sey, "One nashon go rush
kom Moab land like eagle wey spread en feada
41 and dem go seize di town and all en strong building.
For dat day, Moab sojas go dey fear like woman wey won born.
42 Moab go skata and nobody go know am again,
bikos God don curse am.
43 Wahala, pit wey dem dig and trap wey dem set,
dey wait for Moab pipol."
Na so God don tok.
44 God still sey,
"Anybody wey try eskape di wahala
go fall enter di pit

and anybody wey fit kom out from di pit
go enter trap,
bikos God don set di time wey dem go distroy and skata Moab.
45 Pipol wey nor get house kon find help go Heshbon,
di town wey King Sihon dey rule before,
but fire don burn di town.
Fire don burn doz
wey dey give Moab pipol hope.
46 Curse dey Moab land!
Di pipol wey dey woship Kemosh don skata
and di enemies don karry dia shidren go as prisonas.
47 But di day dey kom wen God go make Moab prosper again.
Dis na wetin God sey go happen to Moab land."

# 49

*God Judge Ammon Town*

1 Dis na wetin God tok about Ammon pipol:
"Una tink sey nobody remain for Israel again?
Abi una feel sey dem nor dey again
so nobody go kollect dia land back?
Na dis make una dey woship Molek
bikos una don take-ova Gad land kon dey stay der?
2 But di time dey kom wen I go make Rabbah pipol hear war nois,
den dem go distroy and burn dia village rish groun.
Den Israel pipol go take dia land back
from doz wey take am from dem.
3 Heshbon pipol, make una kry,
bikos dem don distroy Ai! Rabbah wimen,
make una wear sak klot kon mourn.
Make una dey konfuse,
bikos dem go karry una god, Molek
with en priests and princess, go anoda kountry.
4 Ammon pipol! Why una nor dey faithful and dey boast?
Wetin make una dey bilive sey una money go save una
kon dey ask, 'Na who go try to attack us?'
5 I go make fear katch una from evriwhere
and all of una go run.
Evribody go run for dia life
and nobody go gada una wey remain again.
6 But afta, I go make Ammon prosper again.
Mi, wey bi God, don tok."

*God Judge Edom Land*

7 Dis na wetin God wey mighty tok about Edom:
"Teman pipol nor sabi judge well again?
Who dey advise Edom nor fit tell dem wetin dem go do?
Abi all dia sense and wisdom don vanish?
8 Dedan pipol, make una run go hide!
I go distroy Esau shidren-shidren,
bikos di time don rish for mi to ponish dem.
9 Wen pipol dey pick grape,
dem dey leave small for di vine

and wen tif kom tif for nite,
dem dey take only wetin dem wont.
10 But I don naked Esau shidren-shidren finish
kon open where dem hide put,
so dat dem nor go fit hide again.
Dem don distroy Edom pipol
and nobody among dem remain.
11 Shidren wey nor get papa and mama,
make yu leave dem for mi and I go kare for dem.
Wimen wey nor get husband,
make dem make dem kom meet mi and I go help dem."
12 God still sey, "Even doz wey I nor suppose ponish, go drink from di
ponishment cup. Abi una bin tink sey I nor go ponish una? No! Una must
drink from dat cup! 13 I don swear sey Bozrah town go turn desert wey
go dey make pipol fear; pipol go laf and use dem as curse. I go skata all di
village wey dey around dem forever.

Mi, wey bi God, don tok."

14 So I kon go meet and tell Edom pipol sey,
"I don receive message from God.
E don send messenja go tell all di nashons sey
make dem gada dia sojas
and make dem ready kon attack una.
15 God go make una weak among oda nashon
and nobody go respet una again.
16 Una pride don deceive una.
Nobody dey fear una as una tink.
Una dey stay for rock and on-top mountin a
nd even doh una house high like eagle own,
God go bring una kom down."

Dis na wetin Oga God tok.

17 God sey,
"Di wahala wey dey kom meet Edom pipol go bad well-well
and wen pipol si am, dem go shok and fear go katch dem.
18 Na di same tin wey happen to Sodom and Gomorrah,
go happen to Edom pipol;
God go distroy dem and di village wey dey round dem.
Nobody go ever stay der again.

Mi, wey bi God, don tok."

19 "Like lion wey run kom from Jordan bush
kon katch sheep for fine betta land,
na so too I go make Edom pipol run
komot from dia kountry.
Den di leaders wey I choose go rule di nashon.
Bikos e nor get anybody wey bi like mi
and nobody fit shalenge mi!
Wish ruler fit go against wetin I tok?
20 So make yu listin to di plan wey I get for Edom pipol
and wetin I won do to di pipol wey dey Teman town.
Dem go drag dia shidren go and I go distroy di land
finish bikos of di tins dem do.
21 Wen Edom fall, di nois go make di whole eart shake

and even as Akaba far rish, pipol go hear dia kry.
22 Enemies go attack Bozrah land
like eagle wey spread en feada.
For dat day, Edom sojas go dey fear
and shake like woman wey won born."

### *Damaskus Judgement*

23 Dis na wetin God tok about Damaskus:
"Di pipol for Hamat and Arpad town
dey worry and dem nor get rest,
bikos dem hear bad news.
Dia mind dey trobol dem like river
and dem nor fit rest.
24 Damaskus pipol don weak and dem kon run,
bikos dem dey fear.
Dem dey feel pain like woman wey won born.
25 Di town wey full with happiness before,
wey pipol know well-well, don empty finish.
26 For dat day, dem go kill all di yong men for di town
kon distroy dia sojas.
27 I go set fire for Damaskus wall
and e go burn King Ben-Hadad palis rish groun.
Mi, wey bi God wey dey mighty, don tok."

### *Kedar And Hazor Town Judgement*

28 Dis na wetin God tok about Kedar and Hazor kingdom, wey King Nebukadnezzar for Babilon, win:
"Make una katch Kedar pipol
kon distroy doz wey dey east!
29 Make una seize dia tent, animals, curtain and evritin wey dey der.
Make una take dia kamels, den tell di pipol sey,
'Na fear go kill una!'
30 Hazor pipol, mi wey bi God dey warn una sey
'Make una run go hide,
bikos King Nebukadnezzar don plan against una
and dis na wetin e tok,
31 "Kom, make wi go attack doz pipol wey dey save and sikure!
Dia town nor get gate or wetin dem take dey lock am,
so dem nor dey protet am.
32 So, I go take dia kamel and all dia animals!
I go skata pipol wey kut dia hair
kon bring wahala kom meet dem from evry side.
33 Hazor go turn desert forever
and na only jackals go dey stay der.
Nobody go ever stay der again." '
Mi, wey bi God, don tok."

### *God go Judge Elam Pipol*

34 Afta Zedekaya just bi king for Judah, God tok to mi about Elam town.
35 E sey,
"I go kill all di sojas
wey dey guide and protet Elam pipol.
36 I go make breeze blow against Elam from difren direcshon

kon skata en pipol go evriwhere,
until en pipol don run go hide for all di kountry
wey dey dis world.
37 I go make Elam pipol fear dia enemies.
Bikos I dey vex, I go distroy Elam pipol
kon send sojas go porshu dem
until I don kill all of dem finish.
38 I go distroy dia kings and leaders
kon build my throne for der.
39 But afta, I go make Elam pipol prosper again.
Mi, wey bi God, don tok."

# 50

*God Judge Babilon*

1 God tok thru Profet Jeremaya about Babilon and en pipol. E tell am
sey,
2 "Make yu go tell di nashons di good news!
Tell di pipol make dem listin well-well!
Nor keep di news as sekret! Tell dem sey,
'Dem go seize Babilon kon disgrace Bel
and skata Marduk wey bi dia gods,
den distroy all dia juju.
3 Na from nort one nashon go kom attack and distroy Babilon.
Babilon go turn desert where nobody dey stay,
bikos en pipol and animals go run komot der.' "

*Israel Pipol Go Kom Back*

4 God sey,
"Wen dat time rish, Israel and Judah pipol go kry
kom find mi wey bi dia God.
5 Dem go ask kon follow di road wey dem dey pass go Zion.
Dem go make kovenant wey nor dey end with mi
and dem nor go break am.
6 My pipol bi like sheep wey waka lost.
Who dey guide dem don make dem lost.
Dem dey waka anyhow for di mountins;
dey from one hill go anoda.
Dem don forget dia place where rest dey.
7 Evribody wey si dem, dey attack dem.
Dia enemies sey, 'Nobody go ponish us
for wetin wi do dem,
bikos dis pipol don sin against di Oga God
wey go give dem rest
and wey dia grand-grand papa trust.'
8 So Judah pipol, make una kwik-kwik komot from Babilon!
Make una bi di pipol wey go first komot from der.
Make una bi like man goat
wey dey lead di oda goats.
9 Bikos I dey bring many strong nashons from di nort
and dem go attack and distroy Babilon.
Wen dia strong sojas shot dia arrow,
e go-go meet and kill who dem shot am to!

Dem nor dey miss at-all.
10 Dem go tif and karry evritin wey dey Babilon.
Mi, wey bi God, don tok."

### *Babilon Fall*

11 God sey,
"Babilon pipol! Una tif from my pipol
and e dey make una happy.
Una dey enjoy like animal wey dey chop betta green grass.
Una dey sing with joy like di nois wey horse dey make.
12 But dem go disgrace una and shame go katch dis great town.
Babilon go bi last among nashons wey dem dey fear;
e go dry kon turn empty desert.
13 Afta I don vex ponish Babilon, nobody go stay der again.
Dem go distroy am finish.
Doz wey dey waka pass go si am
kon sopraiz well-well,
bikos of di wahala wey don happen to am.
14 All di sojas, make una ready to attack Babilon.
Make una shot una arrows against di town,
bikos dem don sin against God.
15 Make una shaut for war for evriwhere for di town!
Den, Babilon pipol go surenda.
Dem go skata di town wall,
bikos mi wey bi God,
dey take revensh.
So make una trit am,
just as e trit odas.
16 Make una kill all di farmer wey dey plant for di town.
Make all di strenjas go back to dia own pipol.
Make dem rush go back to dia land,
so dat doz wey dey attack,
nor go kill dem join Babilon pipol."

### *Hope For God Pipol*

17 God sey,
"Israel pipol bi like sheep wey run skata for evriwhere
bikos lion dey porshu dem.
Assyria king first attack and kill dem,
before King Nebukadnezzar for Babilon kon break dia bones.
18 Bikos of dis, just as I ponish Assyria king, na so
mi wey bi Israel God go ponish King Nebukadnezzar and en pipol.
19 I go take Israel pipol go back to dia land.
Dem go chop from Mount Karmel and Bashan.
Dem go chop beleful for Efraim hill and Gilead land.
20 Wen dat time rish, sin nor go dey for Israel land again
and wikedness nor go dey Judah,
bikos I go forgive doz wey I save dia life.
Mi, wey bi God, don tok."

### *God Still Judge Babilon*

21 God sey,
"Make una go attack, kill and distroy Merataim and Pekod pipol!

Make una do evritin wey I kommand una.
22 Dem go hear war nois for Babilon.
Pipol go hear as dem dey distroy Babilon towns.
23 Before, Babilon pipol skata di whole world.
But naw, dat hammer wey dem use, don skata.
Pipol shok as dem si wetin happen to di kountry.
24 I set trap for Babilon and e katch dem,
before dem know.
Una fight against mi
and na dis make dem katch and distroy una.
25 I don open di place where I keep my swods and war tins put.
I don karry di swod wey I go take distroy,
bikos mi, di Oga God wey dey rule evritin,
get work to do for Babilon.
26 Make una from far kom attack Babilon!
Skata where dem keep dia food put!
Gada am like dirty kon distroy am finish!
Make una kill evribody wey dey der!
27 Make una kill all dia sojas anyhow!
Babilon pipol own don finish,
bikos di time don rish
wen I must ponish dem.
28 (Make una listin! Pipol wey nor get house
dey run komot from Babilon go Jerusalem
kon tok as di Oga awa God ponish Babilon pipol,
bikos of wetin dem do to en temple.)
29 Tell di sojas make dem attack Babilon.
Make evribody wey sabi shot bow,
surround di town so dat nobody go eskape.
Una must pay dem back kon trit dem,
just as dem trit odas,
bikos dem dey karry body for mi
wey bi di Holy One for Israel.
30 For dat day, dem go kill all di yong men for di town
and all dia sojas go die too.
Mi, wey bi God, don tok."

31 God sey,
"Babilon pipol, bikos una too karry body,
mi wey bi God, dey against una!
Time don rish wen I go ponish una.
32 Nashon wey dey karry body up,
go fall skata and nobody go help am.
I go set fire for una town kon distroy evritin."

33 God wey dey mighty sey,
"Dem dey opress Israel and Judah pipol.
Doz wey katch dem don turn dem to prisonas.
Dem nor gri let dem go.
34 But di Pesin wey go save dem, dey strong.
Dem dey koll am Oga God wey dey rule ova evritin.
E go fight for dem kon bring peace and rest kom di eart,
but na trobol, wahala and pain go follow Babilon pipol."

35 God sey,
“Babilon go skata!
En pipol, rulers and wise men, go die finish.
36 Dem go distroy en profets wey dey lie
and pipol go si dem as fools!
En sojas go dey die and fear go turn dem to mumu.
37 Dem go distroy en horse and shariot.
Sojas wey dem hire from oda land,
go dey fear and dem go weak like woman.
All dia betta-betta tins go skata
and pipol go tif and karry di ones wey remain.
38 Wahala go kom di land
and all di rivers go dry finish.
But, wetin make all dis tins dey happen?
Na bikos juju full di whole land
and di pipol love dem well-well.
39 E nor go tey before wild animals go kom take Babilon land
and di town go turn where birds dey stay.
Pipol nor go ever stay der again
and e go dey empty forever.
40 Just as e bi wen I distroy Sodom and Gomorrah with di oda towns,
na so too e go bi for Babilon.
Nobody go ever stay der again.
Mi, wey bi God, don tok.
41 Si, strong sojas dey kom from nort.
One strong nashon and many kings dey kom attack dem from far.
42 Dem karry dia bow and swod;
dem wiked and nor dey sorry for pesin.
Di nois wey dia horse dey make, bi like river own.
Dem dey ready to fight against Babilon pipol.
43 Babilon king go fear well-well wen e hear wetin en enemies tok.
Wen e hear sey dem dey kom, fear and pain go nearly kill-am
like woman wey won born.
44 Like lion wey kom out from bush near Jordan, na so too,
mi wey bi God go kom attack and porshu Babilon pipol
komot from dia town.
Den di leaders wey I choose go rule di nashon.
Bikos nobody bi like mi and who go fit shalenge mi?
Wish ruler fit follow mi make mout?
45 So make una listin to di plan
wey I get against Babilon town and en pipol.
Dem go drag dia shidren go like sheep
kon skata dia house.
46 Wen Babilon fall, di eart go shake
and oda nashon go hear as Babilon pipol dey kry with pain.”

# 51

### *God Distroy Babilon*

1 God sey,
“I go distroy Babilon and en pipol

with strong breeze.
2 I go send strenjas kom distroy Babilon
like breeze wey blow dirty trowey.
Wen dat day rish, dem go attack dem from difren side,
until di land go empty.
3 Dem nor go give Babilon sojas time to even shot arrow
or wear dia war klot.
Dem nor go sorry for Babilon yong men
and dem go distroy all dia sojas.
4 Dem go wound kon fall die for all di street
wey dey dia towns.
5 Mi, God wey dey mighty, neva forget Israel and Judah pipol,
even doh dem sin against mi wey bi di holy God for Israel.
6 So, make una run komot Babilon town!
Make una run for una dear life!
Make una nor die for nor-tin,
bikos of Babilon pipol sin.
I dey take my revensh and I go ponish dem well-well.
7 Babilon pipol bi like gold cup for my hand a
nd di wine for inside dey shark di whole world.
Di nashons drink from am
and dem kon start to bihave anyhow.
8 But na wons Babilon fall kon skata.
Make una mourn for am!
Make una find medicine for am,
may bi dat one fit cure am.
9 Strenjas for der sey, 'Wi bin won kom help Babilon town,
but e don too late.
Make wi leave am kon go back to awa house,
bikos God don ponish Babilon pipol
kon distroy di town.' "
10 God sey,
"My pipol, make una shaut sey:
'God don show sey wi dey do di rite tin.
So make wi go tell doz wey dey Jerusalem
wetin God do for us.'
11 So God go use Media kings take distroy Babilon.
E go revensh bikos of en temple
wey Babilon sojas distroy.
Media sojas oga kon kommand sey,
'Make una sharp una arrow and karry una shield!
12 Make una give sign make dem go attack Babilon.
Give di guide pawa kon put dem for dia pozishon,
den una go hide some men for bush too!'
God don do wetin E sey E go do to Babilon pipol.
13 Una wey dey stay along Babilon river,
una end don near well-well.
Una wey rish well-well with propaty wey una tif,
dis na di time to kill una.
14 God wey dey mighty, don swear with ensef sey,
E go bring many pipol kon attack Babilon like ant
and dem go shaut dey happy."

*Dem Sing Hymns Take Praiz God*

15 God make di eart with en pawa;
na en wisdom E take kreate di world
kon spread di heavens with en sense.
16 Wen E kommand, di wota on-top sky dey make nois
like wen lion dey shaut.
E make di kloud kom out from di rite place.
E make lite kom out for rainin sizin
kon send breeze kom from where E keep dem put.
17 Wen pipol si dis tins, dem dey bi like fool
wey nor get sense.
Doz wey dey make juju, na di juju dey disgrace dem;
di gods wey dem make, nor bi betta god
and e nor even get life.
18 Dem dey yuzles and pipol dey use dem make yeye.
Den wen di time rish, God go distroy all of dem.
19 Jakob God nor bi like dem; na-im kreate evritin
and E don choose Israel as en own pipol.
Na God wey get pawa, bi en name.

*God Hammer*

20 God sey,
"Babilon pipol, una bi my hammer and swod
wey I dey use take fight.
I use una take skata nashons and kingdoms.
21 I still use una take
skata horse, shariot and di pipol wey dey ride dem.
22 Na so too, I use una take kill men and wimen;
kut both old and yong pipol and kill boys and girls too.
23 I still use una take kill shepads and dia animals;
kill pipol wey dey tif and dia horse;
den skata rulers and ofisas.
24 But naw, una go si as I go take pay Babilon pipol
for all di bad-bad tins wey dem do to Jerusalem.
25 Babilon! Yu bi like mountin wey distroy di whole world,
but mi wey bi God, na una enemy.
I go katch, skata and burn una to ashes.
26 Di stone wey skata for una town,
una nor go fit use am take build house again.
Una go bi like desert forever.
27 Make una give dem sign to attack!
Make una blow trumpet, so dat di nashon go hear!
Ready di nashons, so dat dem go fight against Babilon pipol!
Tell Ararat, Minni and Ashkenaz kingdom
make dem attack Babilon.
Make una choose one offisa wey go lead dem go attack
and bring all di horse kom back like many ant.
28 Prepare di nashons make dem go fight against Babilon pipol.
Send messenjas make dem go koll Media kings,
dia leaders, ofisas and di sojas
for all di kountries wey dem dey kontrol.
29 Di eart dey fear and shake,

bikos God dey do wetin E plan
wen E sey E go turn Babilon to desert
where pipol nor dey stay.
30 Babilon sojas don stop to fight
and dem dey for dia tent.
Dem nor get hope again
and dem don weak like woman.
Dem don break di town gate for groun
kon burn all di house with fire.
31 Difren messenjas go run go tell Babilon king sey
dem don break en town enter from difren korna.
32 Enemies don seize di river wey dem dey pass
kon burn all dia strong and betta house
and Babilon sojas dey fear well-well naw.
33 E nor go tey before enemies go kut dem for groun
like korn wey dem dey pick for farm.
Mi, wey bi Israel God wey dey mighty, don tok.
34 King Nebukadnezzar for Babilon don skata,
chop and distroy my town like empty cup.
E swallow am like wiked animal
and na awa propaty full en belle.
E still porshu us komot from awa own land.
35 Zion pipol sey, 'Just as Babilon pipol sofa us,
na so too God go sofa dem
and make God pay dem back,
bikos dem kill awa pipol.' "

## *God Go Help Israel*

36 Dis na wetin God tell Jerusalem pipol:
"I go bi una lawyer kon judge una kase,
den I go fight for una.
I go dry Babilon rivers.
37 Babilon go turn where dem dey trowey dirty put
and trobol go dey follow am.
Pipol go fear and hate dem
and nobody go stay der again.
38 En pipol go shaut like lion wey dey find food;
like lion shidren wey dey hongry.
39 As dem dey hongry, I go prepare food,
so dat dem go chop and drink kon happy.
Den dem go sleep kon die go like dat.
40 I go karry dem
go kill like lamb, goats and rams."
41 God tok about Babilon sey:
"Dem don seize di town wey di whole world dey praiz!
Naw, e don turn where nashons dey fear to stay.
42 Di sea rush enter Babilon
and naw e don kover di town.
43 Di town don turn where pipol dey fear to stay
and e bi like desert wey nor get wota;
where pipol nor dey stay or travel pass.
44 I go ponish Bel wey bi Babilon god

and make am drop all di tins wey e tif
and di nashons nor go woship am again.
Naw, Babilon wall don fall.
45 So Israel pipol, make una run komot from der!
Make una run for una dear life and from my vexnashon.
46 Make una nor fear or luz hope,
bikos of wetin una hear.
Dem go dey tok difren tins evry year about fight for di land
and dem go sey one king dey fight anoda one.
47 So di time dey kom wen I go deal with Babilon juju.
Di whole kountry go shame and dem go kill all en pipol.
48 Den evritin wey dey heaven and eart go dey happy
wen Babilon pipol go fall,
wen doz sojas from nort don distroy dem.
49 Na Babilon kill many pipol for dis world.
Yes! Babilon go fall,
bikos na-im make many Israel pipol die.
Mi, wey bi God, don tok."

50 God tell en pipol wey dey Babilon,
"Una don eskape deat!
So make una dey go and nor wait!
Even doh una dey far from una land,
make una tink about mi
wey bi una Oga God
and una go remember Jerusalem."
51 Di pipol sey, "Wi dey shame,
dem don insult and disgrace us,
bikos strenjas don dirty God temple."
52 God sey,
"Yes! Di time dey kom
wen I go distroy all Babilon juju
and for evriwhere for di land,
dem go dey hear doz wey wound dey kry
bikos of dia pain.
53 Even if Babilon klimb go sky
kon build strong house for der,
I go still send pipol go distroy am.
Mi, wey bi God, don tok."

54 God sey,
"Make una listin as dem dey kry for Babilon town.
Dem dey mourn, bikos of how dem distroy di land.
55 I go distroy Babilon and nobody go hear en vois again.
Sojas go rush kom attack dem like wota for sea and dem go sey,
56 'Wi don distroy Babilon.
Wi don seize en sojas kon break dia bow.'
I bi di God wey dey ponish bad pipol
and I go pay Babilon back.
57 I go make en ofisas, wise men, leaders and sojas drink anyhow.
Dem go sleep and dem nor go wake-up again.
Mi, wey bi God, don tok.
I bi di Oga God wey dey mighty.

58 Dem go distroy Babilon strong wall
kon burn dia big-big gate.
Evritin wey Babilon build,
go skata go like dat."
59 Dis na di message wey Jeremaya give di senior offisa, Seraya wey
Mahseaya pikin, Neraya born and na for di time wen e follow King
Zedekaya go Babilon for di fourt year wey e bi king for Judah. 60 Evritin
about di distroshon wey go happen to Babilon pipol and some oda tins
about Babilon, I rite dem down for book. 61 Den I tell Seraya, "Wen yu
rish Babilon, make sure sey yu read evritin wey I rite loud make evribody
for hear yu. 62 Den make yu pray sey, 'Oga God! Yu don sey Yu go distroy
dis place and pipol or animals nor go stay der again and e go dey empty
forever.' 63 Seraya, wen yu don read dis book finish for di pipol, tie am
for stone and trow am inside Eufrates River kon 64 sey, 'Dis na wetin go
happen to Babilon. E go sink and e nor go raiz-up again, bikos of di way
God go distroy am.' "
Na here Jeremaya message for finish.

# 52

## *Jerusalem Fall*

1 Zedekaya na twenty-one years wen e start to rule Judah and e rule
Jerusalem for eleven years. En mama name na Hamutal and na Jeremaya
wey dey stay Libnah town, born am. 2 King Zedekaya sin against God, just
as King Jehoiakim do.
3 Bikos God dey vex for Jerusalem and Judah pipol, E kon porshu dem
komot for en present go Babilon town. So Zedekaya kon plan against
Babilon king 4 and for di tent day for di tent mont for di ninet year wey
Zedekaya dey rule, King Nebukadnezzar lead en sojas go fight against
Jerusalem. Dem surround di town kon build dia tent near di wall. 5 Dem
stay round Jerusalem until di elevent year wey King Zedekaya dey rule.
6 For di ninet day for di fourt mont for dat same year wey Zedekaya don
dey rule, di honga for di town kon sirious bikos di food wey remain, don
finish. 7 Den dem break one part for di town wall rish groun and all di
sojas kon run. Since Babilon pipol surround di town, Zedekaya and en
men kon wait make nite rish, before dem pass di gate between di two
walls wey dey back of di king gardin kon run dey go Jordan River side.
8 But Babilon sojas porshu King Zedekaya kon katch am for Jeriko road, but
en men run leave am. 9 Dem take am go meet Babilon king for Riblah for
Hamat land. Den Babilon king judge am for der. 10 E make Zedekaya dey
look as dem dey kill en shidren and all en oda ofisas for Judah. 11 Den dem
blind Zedekaya eye, tie am with shain kon karry am go Babilon. Zedekaya
stay prison till e die.

## *Dem Distroy Di Temple*

12 For di tent day for di fift mont for di nineteent year wey King
Nebukadnezzar don dey rule, Nebuzaradan wey bi di king advise and dey
kommand di sojas, enter Jerusalem. 13 E burn God temple, di royal palis
and all di house for Jerusalem. E distroy all di betta-betta house for di
town 14 and en sojas kon skata di town wall. 15 Den Nebuzaradan karry di
pipol wey remain for di town go Babilon as slave. Di pipol wey remain for

di town, na di kraftmen and doz wey ready to serve Babilon king. 16 But
e leave some poor pipol for Judah make dem kare for di vineyards and
farms.
17 Babilon pipol break di two bronze pilas wey dey God temple front; di
bronze wota pot and di big bronze basin, wey dem still dey koll, “Di Sea.”
So dem karry all di bronze go Babilon. 18 Dem still karry ash buckets,
shovels, lamp, basins, plates and oda bronze tins wey dem dey use take
make sakrifice for di temple. 19 Dem take evritin wey dem make with gold
and silva: di small basin; di shako pans; di sakrifice blood basin; di ash
kontaina, di lampstand, di burnt incense basin and di wine basin. 20 Di
two pilas, di Sea with di twelf bronze melu image wey dey under am and
di wota pot and wetin dem karry, many well-well. Dem make and put dis
tins for God temple wen King Solomon dey rule. 21 “Each of di pila high
rish twenty-seven fit kon wide rish eight fit. Dem tick rish three inches and
dem get holes. 22 Di bronze on-top each pila high rish seven and half fit
and dem dekorate am with pomegranate kon put ornament. 23 Na ninty-six
pomegranate fruit dey for each side; di total for evritin na, one hundred
pomegranate with di ornament wey dey around di top.”

### *Judah Pipol For Babilon*

24 Nebuzaradan wey bi di ofisas oga, take Seraya wey bi di High Priest,
Zefanaya wey bi di sekond priest with three shief wey dey keep di gate
kon karry dem go as prisonas. 25 From among di pipol wey dey for
di town, e take one offisa wey bin dey kare for Jew sojas; seven of di
king pesinal advise, di soja kommander, shief seketry and sixty oda pipol.
26 Nebuzaradan, take all of dem go meet Babilon king for Riblah. 27 So
Babilon king kill all of dem for Riblah wey dey Hamat land.
So dem karry Judah pipol komot from dia own land go Babilon. 28 Di
pipol wey Nebukadnezzar karry as prisonas for di sevent year wey e bi
king for Babilon, na 3,000 and twenty three. 29 Den for en eighteent year
for di throne, e karry eight hundred and thirty-two pipol from Jerusalem.
30 And wen e don rule for twenty-three years, e send Nebuzaradan go karry
seven hundred and forty-five pipol kom. So all di pipol wey dem karry as
prisonas na, 4,600.
31 For di year wey dem make Evil-Merodak king for Babilon, e sorry for
King Jehoiashin for Judah kon release am from prison. Dis tin happen for
di twenty-five day for di twelft mont for di thirty-seven year afta dem take
Jehoiashin go Babilon as prisona. 32 King Evil-Merodak follow Jehoiashin
tok well kon gi-am pozishon wey pass di oda kings wey dem karry kom
Babilon as prisonas. 33 So e allow Jehoiashin shange en prison klot, den
Jehoiashin kon always dey chop from di king tabol until di day wen e die.
34 Babilon king dey gi-am evritin wey e wont until di day wen e die.

# Lamentashons
## Introdushon

Wen Babilon sojas win and seize Jerusalem kon karry all di pipol for di land go Babilon, dem live some pipol for Jerusalem town wey dem don skata finish. Jos to show how e dey pain dem rish sey dem don skata dia house, dem kon rite songs about how dem take distroy di town and about how dem dey sofa well-well. Dis Lamentashon wey mean komplain or kry, dem nor really tell us doz wey rite di songs, but many tradishon bilive sey na Jeremaya. For dis book, wi si as God pipol rite how dem dey struggol and to undastand why God allow enemies burn and skata di town wey dem love.

Each of di five songs wey dem rite for dis book get twenty-two verses. Di first four songs start with di twenty-two letas for Hibru alfabet just as dem follow each oda. For di third song, for each of di lines for di verses, dem dey repeat di letas. For inside di book, dem still give di pipol small hope and some important tok dey for inside too. Dis book dey remind us to tok about problem, pains and awa world wey don break and skata. All dis one na part of di drama for Bible.

*Wahala For Jerusalem*

א *(Alef)*

1 Jerusalem, where many pipol dey stay before,
don empty naw.
Di town wey great pass oda nashons before,
don bi like woman wey en husband die leave.
Na Jerusalem bi kween for di world before,
but naw, na slave e bi.

ב *(Bet)*

2 Jerusalem pipol dey kry well-well for nite.
Doz wey love am nor dey again to konfort am
and all en friends don lie for en head;
dem don turn en enemy.

ג *(Gimel)*

3 Dem karry Judah pipol go Babilon
as slave kon dey sofa dem.
Na anoda land dem dey stay
and dem nor get peace at-all.
Even with di pain wey dem dey pass thru,
evribody wey porshu dem,
katch and ponish dem.

ד *(Dalet)*

4 Jerusalem road dey mourn,
bikos nobody dey pass der go celebrate again.
Di town gate kwayet
and pain won kill di priests dem.
Di yong wimen dey kry,
bikos di trobol wey dem dey face, too mush!

ה *(He)*

5 Jerusalem enemies don turn dia oga naw
and dem dey prosper,

bikos God ponish Jerusalem pipol for di sins wey dem kommit.
Dem don katch and take dia shidren go far land.

ו *(Vav)*

6 All di glory wey Jerusalem get,
don vanish.
En prince bi like deer wey dey find grass to chop,
bikos e dey hongry.
Dem too dey weak to run from dia enemies
wey dey porshu dem.

ז *(Zayin)*

7 Even inside en pain, Jerusalem remember
wen e nor get money or house to stay.
E still remember all di propaty wey e bin get.
But naw, en enemies don attack am
and nobody gri kom help am.
Di way e take fall, dey make en enemies laf.

ח *(Khet)*

8 Bikos Jerusalem sin well-well,
God kon rijet dem like dirty rag.
All di pipol wey dey honor am before, don hate am naw,
bikos dem don si en nakednes and shame.
Di only tin wey e fit do naw,
na to dey kry with pain and hide en face with shame.

ט *(Tet)*

9 E nor keep ensef klean
or tink of wetin go happen to am.
Naw, e dey inside gutta
and nobody won bring am out.
So e kry kon sey, "Oga God,
make Yu si wetin dey happen to mi;
my enemies don win mi."

י *(Yod)*

10 Dem don tif all wetin e get;
all en betta tins don vanish.
E dey look as strenjas dey use di holy temple anyhow;
di place wey God sey make dem nor enter.

כ *(Kaf)*

11 En pipol dey feel di pain
and dem dey find wetin dem go chop.
E sell en betta-betta tins make e
for si money take buy food chop,
so dat e nor go die.
So e kry, "My God,
make Yu look kon si as I dey sofa."

ל *(Lamed)*

12 Una wey dey waka pass,
my sofa nor mean anytin to una?
Make una look round,
una si anybody wey dey sofa like mi?
But na God vexnashon dey kause
dis pain and sofa for mi.

מ *(Mem)*

13 E send fire kom from heaven

and e dey burn inside my bone.
E set trap for mi and I fall enter.
Naw E don forget mi and I dey sofa well-well.

*נ (Nun)*

14 E know all my sins; so E put dem togeda
kon hang and tie dem round my neck.
I weak well-well, bikos my sins too heavy.
God don make my enemies strong pass mi
and I nor fit do dem anytin.

*ס (Samek)*

15 God don turn all my strong sojas to fool.
As E kommand, many sojas kom distroy my sojas.
God mash and press my pipol,
just as dem dey press grape.

*ע (Ayin)*

16 Bikos of dis tins; I kry well-well,
but nobody dey to konfort or give mi hope.
My shidren nor get future,
bikos awa enemies don win us.

*פ (Pe)*

17 Jerusalem dey beg for help,
but nobody gri help am.
God don tok against Jakob sey,
“Doz nashons wey dey around yu, go bi yor enemies!
Dem go ponish and trowey Jerusalem like dirty rag!”

*צ (Tsade)*

18 Jerusalem sey, “God dey rite,
bikos I go against en kommand.
So pipol for evriwhere,
make una listin kon si as I dey sofa!
Dem don karry my shidren go Babilon as slave.

*ק (Qof)*

19 I koll all di pipol wey love mi make dem help mi,
but instead, dem kom deceive mi.
Na honga kill my priests and leaders for di town
wen dem dey find food wey dem go chop.

*ר (Resh)*

20 So my God, make Yu si as I dey sofa!
My heart dey kry,
bikos of my sins.
Dem dey kill pipol for di street
and even deat dey inside house too dey wait mi.

*שׂ / שׁ (Sin/Shin)*

21 Even doh dem hear sey I dey sofa,
nobody gri kom konfort mi.
My enemies know sey I dey trobol
and dem dey happy to si as God ponish mi.
Make di Judgement Day wey Yu promise kom,
so dat dem go sofa, just as I don sofa so.

*ת (Tav)*

22 My God, make yu si all di wiked tins wey dem dey do.
Make Yu ponish dem,

just as Yu ponish mi for all my sins.
My pains many and e dey make mi sick well-well.”

# 2

*God Dey Vex*

א *(Alef)*

1 God disgrace Zion bikos E dey vex.
E don trowey Israel pride from heaven kom down
and E nor protet di temple again
bikos E really dey vex with dem.

ב *(Bet)*

2 God nor sorry for Jakob shidren-shidren,
instead E distroy dia house.
Wen E dey vex, E break Jerusalem strong fine wall
kon disgrace di kingdom with doz wey dey rule am.

ג *(Gimel)*

3 E vex distroy Israel pipol pawa;
E nor gri help Israel wen dia enemies
kom attack dem.
Just as fire dey distroy tins,
na so too E distroy Israel land.

ד *(Dalet)*

4 E set arrow kon shot us like sey wi bi en enemies.
Yes, en rite hand dey ready to shot.
E kill us with awa strong men
kon pour en vexnashon like fire for Zion head.

ה *(He)*

5 God distroy Israel like sey E bi awa enemy.
E distroy all di palis dem
kon skata awa betta towns.
E make evribody for Judah kry and mourn.

ו *(Vav)*

6 E distroy en temple like sey na vineyard
kon skata where wi for dey woship am.
God make Zion pipol forget dia festival and Sabat Day.
Naw, kings and priests don fall,
bikos E dey vex.

ז *(Zayin)*

7 God rijet en own altar
kon hate en temple.
E allow enemies distroy di walls
and dem kon dey shaut inside di temple
like sey dem dey do party.

ח *(Khet)*

8 God won distroy Jerusalem fine wall.
E dey plan to distroy am and E go do wetin E plan.
Den E go skata di towas and di walls rish groun.

ט *(Tet)*

9 Di town gates don sink enter groun.
E skata all di keys and bars
wey dem take dey lock di gates.
Dem take en prince dem and kings
go Babilon as slave.

Law nor dey again
and God profets nor dey get any vishon from am again.

*י (Yod)*

10 Jerusalem leaders sidan kwayet for groun.
Dem wear sak klot kon pak dust put for dia head
and di yong wimen kover dia face for groun with shame.

*כ (Kaf)*

11 I don kry sotey wota nor gri kom out from my eye again;
my heart don break.
I don taya and e dey pain bi wen I si
how dem distroy my pipol
and how shidren dey faint anyhow for di town.

*ל (Lamed)*

12 Dem dey kry give dia mama sey,
"Wi wont chop and drink!"
Dem dey faint for di town like sojas wey wound for war
and dem dey die small-small for dia mama hand.

*מ (Mem)*

13 Wetin I go fit tok?
Who don ever si dis kind sofa before?
Wetin I go fit take kompare yu, Jerusalem?
How I go fit take konfort yu?
Bikos di wound wey yu wound,
deep like sea.
Na who go fit heal yu?

*נ (Nun)*

14 Yor profets dey lie for yu
kon sey dem si vishon.
Na dem make una go Babilon,
bikos dem nor tell una about una sins.
Instead, dem make una tink sey una
nor nid to turn from una sin kom meet God.

*ס (Samek)*

15 Pipol wey dey pass di town
dey look una with shame.
Dem dey laf and shake dia heads,
bikos Jerusalem don skata.
Dem sey, "Nor bi di fine town
wey di world bin like well-well bi dis?"

*פ (Pe)*

16 All yor enemies dey laf and happy sey,
"At last, wi don distroy am!
Wi don dey wait for dis day since
and naw, e don kom."

*ע (Ayin)*

17 But na God do wetin E plan.
E don do wetin E promise
and E warn us about am since.
E nor sorry for Jerusalem
kon distroy am.
E give awa enemies viktory and dem dey happy,
bikos God don distroy us.

צ (*Tsade*)
18 Jerusalem wall wey fine well-well,
make yu kry give God!
Both day and nite,
make di wota from yor eye dey flow like river!
Make yu nor rest or stop to kry!
ק (*Qof*)
19 Wake-up for nite, make yu kry.
Pour all yor heart like wota before God!
Raiz yor hand as yu dey pray to am
and dey beg for yor shidren wey dey faint,
bikos honga won kill dem.
ר (*Resh*)
20 Si, Oga God! Why Yu dey ponish us like dis?
Make wimen chop dia shidren wey dem love?
Or make dem kill priests and profets for inside God temple,
bikos of sofa?
שׂ / שׁ (*Sin/Shin*)
21 Si yong and old pipol don die for di street.
Enemies don kill both boys and girls.
Yu don kill dem,
bikos Yu dey vex
and Yu nor sorry for dem wen Yu dey kut dem.
ת (*Tav*)
22 Just as dem dey invite pesin for party,
na so too Yu invite my enemies and I kon dey fear.
For di day wey God dey vex,
nobody go fit eskape or survive am.
Naw, my enemies don kill all di shidren
wey I born and train.

# 3

## *God Faithfulnes*

א (*Alef*)
1 I bi one pesin wey know wetin e mean
wen God ponish yu.
2 E don porshu mi
and naw I dey waka for darkness.
3 Evritime, na only mi
E dey always ponish.
ב (*Bet*)
4 E don make my skin and flesh old
kon break di bones for my body.
5 Na sofa and wahala
E pak full my life.
6 Even doh I neva die,
E beri mi for darkness like pesin wey don die.
ג (*Gimel*)
7 E don tie mi with shain like prisona
wey nor get hope to eskape.
8 I kry well-well make E help mi,

but God nor gri ansa mi.
9 E use big-big stones take block evriwhere wey I dey pass
and I nor know di rite road again.

ד *(Dalet)*

10 To mi, E hide like bear or lion
wey dey wait to attack pesin.
11 E drag mi komot for road; tear mi to pieces
kon leave mi and nobody dey to help mi.
12 E set en arrow to take shot mi die

ה *(He)*

13 and naw, E don shot mi
and di arrow enter my heart.
14 I don turn pesin wey pipol dey laf
and sing yeye song for.
15 Na bitterness and sofa bi di food
and drink wey God dey give mi.

ו *(Vav)*

16 E don use my face rub groun
kon break my tit with stone.
17 I nor know wetin peace mean again
and I don forget as happiness dey bi.
18 Den I kry kon sey, "I nor get respet again!
I don lost evritin wey I hope to get from God!"

ז *(Zayin)*

19 Wen ever I remember as I take sofa without house to sleep,
e dey pain mi like poizin for my belle.
20 I nor go ever forget di time wen I take sofa;
wen I bin dey mourn, bikos of evritin wey I lost.
21 Anytime I remember all dis tins,
I know sey I still get hope.

ח *(Khet)*

22 God faithful love nor dey end!
And en mesi nor dey finish.
23 Wi dey always trust Yu
bikos na evriday Yu dey show us yor goodness.
24 I tell mysef sey, "Na only God I get,
so I go trust only en."

ט *(Tet)*

25 God dey good to pipol wey trust
and dey find am.
26 So e betta make wi sidan kwayet
kon wait until God go kom save us.
27 And na naw wey wi still dey yong,
wi suppose learn how to get patient as wi dey wait for God.

י *(Yod)*

28 Make wi sidan kwayet
wen God dey deal with us.
29 Make wi bow face groun,
may bi na den God go give us hope again.
30 Pesin wey dem slap for one side,
make e turn di oda side.

Make e nor tok wen en enemies dey curse am.

כ *(Kaf)*

31 Bikos God nor go forget us forever.
32 Even doh sey E dey make us sofa naw,
E still dey sorry for us, bikos en great love for us nor dey end.
33 God nor like to sofa pipol
or make dem kry.

ל *(Lamed)*

34 So to dey opress pipol for dis world,
35 to shit pipol kon kollect wetin bi dia own,
God wey dey heaven dey si evritin
36 and E know dey happy wen dem
nor give pesin korrect judgement for kourt.

מ *(Mem)*

37 So, na who fit tok make sometin happen,
if God nor allow am?
38 Nor bi from God mout evritin from kom?
Both good and bad?
39 Den, why wi human being go dey komplain
if dem ponish us for awa sins?

נ *(Nun)*

40 Instead, make wi shek and test di tins
wey wi dey do kon turn from sin kom meet God.
41 Make wi lift awa hand and heart
to God for heaven kon sey,
42 “Wi don sin and go against Yu
and na dis make Yu dey vex for us.

ס *(Samek)*

43 Yu don hide yorsef bikos Yu dey vex
and Yu porshu us komot for yor front.
Yu nor even pity for us
wen Yu dey kill us.
44 Yu hide yorsef for di kloud,
so dat awa prayers nor go rish where Yu dey.
45 Yu don make us bi like dirty rag
for all di oda nashons front.

פ *(Pe)*

46 All awa enemies dey tok bad against us.
47 Wi dey fear, bikos wi dey trap;
wi don konfuse and distroy awasef.
48 Wota dey rush kom out from my eye,
bikos dem don distroy my pipol finish.

ע *(Ayin)*

49 I still dey kry well-well
and I nor go stop at-all
50 until God go look from heaven
kon si wetin don happen.
51 My heart heavy well-well
wen I si wetin happen to di wimen for dis town.

צ *(Tsade)*

52 Pipol wey I nor do bad to,

set trap for mi like sey I bi bird.
53 Dem trow mi inside one pit
kon dey drop stone for my head.
54 Dem dey pour wota put for my head
and I tink sey na die I dey.

*ק (Qof)*

55 But from inside di deep pit,
I kon koll Yu wey bi my Oga God.
56 Yu hear my kry for help wen I sey:
'God make Yu listin to mi well-well!'
57 Yes! Wen I koll Yu,
Yu kom tell mi sey, 'Nor fear.'
58 Oga God, na Yu bi my lawyer,
so make Yu judge my kase,
bikos Yu don save my life.

*ר (Resh)*

59 Yu don si di bad-bad tins wey dem do mi.
So my God, make Yu judge my kase,
so dat pipol go know sey I dey rite.
60 Yu don si all dia plans to revensh mi.

*שׂ / שׁ (Sin/Shin)*

61 Yu don hear all di wiked names wey dem dey koll mi
and Yu know all di plans wey dem don make.
62 Evriday, my enemies dey tok
as dem dey plan against mi.
63 Si dem! Weda dem sidan or stand,
na mi dem dey laf and take dey sing.

*ת (Tav)*

64 So Oga God, make Yu pay dem back for all di bad tins
wey dem don do.
65 Make Yu give dem sturbon and strong heart,
so dat yor curse go dey dia head.
66 So as Yu dey vex,
make Yu porshu and distroy dem komot dis world."

# 4

## *God Nor Dey Vex Again*

*א (Alef)*

1 Make una si as gold nor dey yuzful again.
Di gold wey fine and dey shine well-well before,
nor dey shine again and di temple stones don skata for di street.

*ב (Bet)*

2 Just as gold dey important and get value,
na so too Jerusalem shidren dey important before,
but naw, pipol dey trit dem like ordinary pot
wey dem make with klay.

*ג (Gimel)*

3 Even as jackals wiked rish,
dem still dey give dia shidren breast make dem suck,
but my pipol wiked like ostrich for desert.

*ד (Dalet)*

4 Dia shidren tongue don gum,
bikos dem nor si wota drink;
dem dey beg waka,
but nobody gri give dem food chop.
ה *(He)*
5 Pipol wey dey chop betta food before,
don turn who dey beg food for street.
Pipol wey dey wear fine and betta klot before,
don turn who dey wear rag naw.
ו *(Vav)*
6 Di ponishment wey I give my pipol
worse pass Sodom pipol own,
bikos na wons e take happen
and nobody dey to help dem.
ז *(Zayin)*
7 Before-before, dia prince dem
shine pass snow and white pass milk.
Dia body smooth pass rubi stone and wen yu si dem,
dem dey shine pass safaya stone.
ח *(Khet)*
8 But naw, dia face don black pass black powder
and wen dem dey waka for street,
pipol nor even know dem again.
Dia body don tin finish
and dem dry like dry wood.
ט *(Tet)*
9 Pipol wey die for war, betta pass doz wey hongry kill,
bikos na food wey dem nor si chop, kill dem.
י *(Yod)*
10 Wen dem distroy my pipol,
even wimen wey love dia shidren,
dey kook dem chop, bikos of honga.
כ *(Kaf)*
11 But naw, God don pour en vexnashon finish.
E don send fire kon burn Jerusalem town rish groun.
ל *(Lamed)*
12 Before, pipol and kings for oda nashons
nor ever tink sey enemies go fit attack Jerusalem,
tok-less of to skata am.
מ *(Mem)*
13 But dis tin happen,
bikos of di sin wey di profets and di priests kommit
and bikos of di innocent pipol for di town,
wey dem kill.
נ *(Nun)*
14 Dem dey waka anyhow for di street
like sey dem nor dey si;
dis na bikos dem don stain diasef with blood and naw,
pipol nor fit tosh dem again.
ס *(Samek)*
15 Naw, pipol dey shaut for dem anyhow sey,
"Komot for here!

Una wey dey smell!
Make una nor tosh us!"
So dem kon komot der go anoda town,
but any town wey dem waka go,
di pipol dey porshu dem.

*פ (Pe)*

16 Na God skata dem and E nor dey help dem again.
Pipol nor dey respet dia priests or honor di leaders again.

*ע (Ayin)*

17 Naw, awa eyes dey pain us well-well,
bikos wi dey wait for pipol to kom help us.
But wi just dey wait for nor-tin, bikos
dem nor go fit help us.

*צ (Tsade)*

18 Awa enemies dey wosh awa movement and naw,
wi nor fit waka for di street again.
Awa days for dis world don almost finish,
bikos wi go soon die.

*ק (Qof)*

19 Doz wey dey porshu us,
fast pass eagle wey dey fly for sky.
Dem porshu us pass di mountin
kon set trap for us for wildaness.

*ר (Resh)*

20 Dem katch di pesin wey make us dey alive,
di king wey God choose and wi bin get hope
sey e go protet us from awa enemies.

*שׂ / שׁ (Sin/Shin)*

21 Edom pipol wey dey stay for Uz land,
make una dey laf naw.
Make una know sey dis judgement cup go rish where una dey too;
una go drink from am until di drink don shark una
and una go kon naked.

*ת (Tav)*

22 Jerusalem pipol, God nor go ponish una again,
instead E go take una komot from Babilon go back to una own land.
But una wey kom from Edom,
make una nor worry, God go ponish una,
bikos of una sins.

# 5

*Prayer For Mesi*

1 Awa God, make Yu tink about dis tins
wey dey happen to us naw
and how awa enemies don disgrace us rish.
2 Strenjas don take all wetin wi get
and na dem dey stay for awa town naw.
3 Wi don turn shidren wey nor get papa
and awa mama don turn who en husband don die.
4 Wi must pay money to drink awa own wota
and buy awa own firewood too.

5 Dem really dey porshu us and naw, wi don taya,
but wi nor fit rest at-all.
6 Wi don make agriment with Egypt and Assyria pipol,
so dat wi go get enough food to chop make honga nor for kill us.
7 Na awa grand-grand papa dem sin and dem don die,
but naw, wi dey sofa dia ponishment.
8 Doz wey bi awa slave before, don turn awa oga naw
and nobody dey to save us from dia pawa.
9 Wi dey risk awa life as wi dey find food wey wi go chop,
bikos tif many for di towns and di village dem.
10 Awa skin hot like oven
and na honga make us dey sick so.
11 Enemies don rape awa wifes for Jerusalem
and dem don disgrace awa yong girls for Judah town.
12 Dem hang and kill di kings family
kon trit awa eldas anyhow.
13 Dem karry awa yong men go do strong work
and awa boys dey stagga,
bikos of di heavy wood wey dem dey karry.
14 Awa eldas nor fit sidan for di town gate again
and di yong men nor dey dance and sing again.
15 Joy nor dey awa heart again
bikos wi wey bin sabi dance,
don turn who dey mourn naw.
16 Awa crown don fall komot from awa head,
bikos wi don sin and naw, wi dey sofa.
17 Bikos of dis, wi dey feel pain
and wi nor dey si well again;
awa eyes don dey weak,
bikos wi don kry taya.
18 Mount Zion don empty and nobody dey der again,
so naw, na wild animals dey stay der.
19 So Yu my Oga God, go rule forever and ever!
Yor throne go dey from one generashon go rish anoda one.
20 But why Yu forget us like dis
and wetin make Yu leave us since?
21 My Oga God, make Yu save
and take us back as yor own!
Make Yu give us di happiness
wey wi get before.
22 Abi Yu don rijet us forever?
Yu go kontinue to dey vex for us?

# Ezekiel

## Introdushon

For di year 597 BC, priest Ezekiel dey among Judah pipol wey King Nebukadnezzar katch and karry go Babilon. For five years wen Ezekiel don dey Babilon, God kol am sey make e go give en word to Israel pipol (both doz wey dey Babilon and doz wey dey Judea). Ezekiel dey always diliver en message as sweet songs or thru song for di pipol. E still use important story, vishon and signs take tok to dem.

Dem divide di message for dis book into three parts: one na judgement against di wikedness wey Israel pipol dey do, di sekond one dey against oda nashons and di third one na di promise of how God go take restore Israel again. Dem mark dis part with sign for di profet wen e nor fit tok and wen e start to tok again. One main vishon for di biginnin tok about how God take remove en present from Jerusalem temple, bikos of di pipol wiked ways. Di message against di nashon kon make am klear sey even doh dem distroy God temple for Jerusalem, nobody fit tok sey no bi God dey rule di world. For di end, doz wey dey treaten en pipol, E go distroy dem. Di book end with di promise sey God go renew en pipol heart and evribody for di world go get new life. Ezekiel vishon fit di drama wey dey hapun for di Bible: dis world wey dey break for groun, God go heal and build am again wen E don kom back kon stay with en pipol for di land wey go bi like di gardin for Eden.

*Ezekiel First Vishon*

1 Thirty years afta dem karry us go Babilon as slave, wen I dey stay with
my pipol near Chebar River, for di fift day for di fourt mont, heaven open
and I kon si one vishon. 2 (Dis tin happen for di fift day for di mont wey
bi di fift year wey King Jehoiashin bi prisona for Babilon. 3 Na God give
dis message to mi Ezekiel Buzi pikin, wey bi priest, near Chebar River for
Babilon and I feel en hand for my body.)
4 As I dey look, I si strong breeze dey blow kom from nort and tick kloud
with tonda lite dey round am. Fire still dey der too and I si one tin dey
shine inside di fire. 5 I still si four creatures wey dey alive inside di fire
and dem bi like human being. 6 But each of dem get four face and four
feadas. 7 Dia legs strait well-well, but dia toe bi like melu own and e dey
shine like bronze wey dem polish. 8 Under dia feadas for di four side, dem
get human being hand. All of dem get four face and four feadas 9 and dia
feadas dey tosh each oda. Each one dey waka go strait and dem nor dey
turn as dem dey waka.
10 Dis na how dia face bi like: Human being face for front, lion face for di
rite side, melu face for di left side and eagle face for back. 11 Each of dem
get two-two feadas wey dey tosh di oda creature feadas and di oda two
feadas dey kover dia body. 12 Each of di creature face di four direcshon,
so wen dia spirit won waka go anywhere, dem dey waka without sey dem
turn. 13 Among di creatures, e get sometin wey bi like tosh or tick fire and
e just dey move. Di fire dey move from front go back, e dey shine well-well
and dey bring out tonda lite. 14 Di creatures dey waka go front and back
kwik-kwik like tonda lite.

15 As I dey look di creatures, I kon si four wheel for di eart and one dey
near each of dem. 16 All di four wheel bi like jasper and each one dey
shine like gold and dem build dem like sey one wheel dey inside anoda
one. 17 Wen dem dey move, dem fit go any of di four direcshon wey dem
face and dem nor dey turn as dem dey move. 18 Eyes full di rims wey dey
di four wheel and dem high well-well kon make pipol dey fear.

19 Wen di creatures dey move, di wheels dey move too. Wen di creatures
raiz-up komot groun, di wheel go-go up too. 20 Anywhere di spirit won go,
dem go-go too and di wheel go follow dem, bikos di creatures spirit dey
inside di wheel. 21 Wen di creatures move, di wheels go move too and
wen dem stop to waka, di wheels go stop. Wen dem raiz komot groun, di
wheels go raiz too, bikos dia spirit dey inside di wheels.

22 Sometin wey flat wey dem make with crystal glass, dey on-top di
creatures head. 23 Under di flat crystal glass, dia feadas stresh kom out
kon face each oda. Two feadas kover outside, while two dey kover dia
body. 24 Wen dem dey waka, I dey hear dia feadas sound. Di sound bi like
God vois or wota wey dey rush pass with pawa or like sojas wey gada dey
go war. Wen dem stop to waka, dem kon bring dia feadas down.

25 Den, one vois kon tok from di flat crystal wey dey on-top dem. 26 On-
top di flat crystal wey dey dia head, e get one tin wey bi like throne wey
dem make with safaya. On-top di throne, wetin dey der, bi like human
being. 27 I si sometin wey bi like fire wey dey burn from en waist go up.
And from en waist kom down, I still si sometin wey bi like fire wey dey
burn and di lite wey dey round am, dey shine well-well. 28 Di lite wey
dey shine round am bi like rainbow afta rain don fall. Dis na di lite wey
dey show how God glory bi. Wen I si am, I fall face groun and I kon hear
somebody dey tok.

# 2

*God Koll Ezekiel*

1 God tell mi sey, "Man pikin, stand up make I tok to yu" 2 As God dey
tok to mi, en Spirit enter my body kon karry mi stand and I kon listin well
to evritin wey E dey tok.

3 E sey, "Man pikin, I dey send yu go meet Israel pipol, bikos dem don
turn from mi and still dey do bad tins, just as dia grand-grand papa do. 4 Di
pipol wey I dey send yu go meet so, dem sturbon well-well and dem nor
dey respet mi. So I dey send yu go tell dem wetin mi, God wey get pawa
dey tok. 5 Weda dem listin to yu or not, dem go know sey one profet don
kom meet dem. 6 But yu, my pikin, even doh dem beat and do yu anyhow
like sey yu dey stay with skorpions, make yu nor fear dem or anytin wey
dem tok. Nor fear anytin wey dem tok or di way wey dem go dey look yu,
bikos all of dem sturbon well-well. 7 Yu go tell dem evritin wey I sey make
yu tok, weda dem listin or not, bikos I know sey dem sturbon well-well.
8 Man pikin, make yu listin to wetin I go tell yu. Make yu nor sturbon like
dem. Naw, open yor mout make yu chop wetin I go give yu."

9 So I si one hand dey kom meet mi and e hold one book wey dem fold.
10 Di hand open di book and dem rite put for di two side. Na kry, mourning
and pains dem rite put for di book.

# 3

*Ezekiel Work*

1 God sey, “Man pikin, make yu chop dis book; den go tok to Israel pipol.”
2 So I open my mout and E kon give mi di book make I chop.
3 E sey, “Man pikin, dis book wey I dey give yu so; make yu chop am till
yu beleful.” I kon chop am and e sweet like honey.
4 Den God sey, “Man pikin! Go meet Israel pipol make yu tell dem anytin
wey I sey make yu tok. 5 I nor dey send yu go where yu nor go hear wetin
dem dey tok, but na Israel pipol I dey send yu go meet. 6 Even if I send yu
go meet pipol wey dey tok wetin yu nor undastand, dem go still listin to
yu. 7 But nobody for Israel go listin to yu, bikos dem nor go even gri listin
to mi. All of dem too sturbon and dem nor dey hear word.
8 “Naw, I go make yor heart strong pass dia own and yu nor go fear dem.
9 I go make yu strong like rock and yu go dey hard like diamond: so make
yu nor fear dem at-all.”
10 God still sey, “Man pikin, listin well-well kon remember evritin wey I
tell yu. 11 Den go tell yor kountry-men for Babilon wetin mi wey bi God
dey tell yu; weda dem listin or not.”
12 Den God Spirit karry mi go up and I kon hear one loud vois dey sey,
“Praiz and glory na God own for heaven!” 13 I hear di creatures feada dey
nak togeda and di wheels kon dey make loud nois like eartkweke. 14 So
God pawa enter my body with force and as en spirit dey karry mi go. I
kon dey vex, but God hand rest for my head with pawa. 15 Den I kon rish
Tel-Abib wey dey near Chebar River, for where di prisonas dey stay and I
kon stay der for seven days, but di tins wey I si and hear, fear mi well-well.

*God And Ezekiel*

16 Afta seven days, God kon tok to mi sey: 17 “Man pikin, I dey make yu
di pesin wey go wosh ova Israel pipol. Yu go tell dem di warnin wey I give
yu. 18 If I tell yu sey one wiked man go die and yu nor warn am make e
shange from di bad tins wey e dey do, if e die, e go still die as sina and I
go whole yu, bikos na yu make am die. 19 But if yu warn wiked pesin and
e still dey sin, e go die as sina, but nor bi yor fault.
20 “If betta pesin kon start to do wiked tins and I kause wahala for am, e
go die if yu nor warn am. E go die bikos of en sins; I nor go remember di
good tins wey e do and I go whole yu for en deat. 21 But if yu warn am make
e nor sin, e go get life and yu yorsef go dey save from my vexnashon.”

*Ezekiel Nor Fit Tok*

22 I feel God hand for my body and E kon tell mi, “Get up make yu go
di valley, so dat I go tok to yu for der.” 23 So I go di valley and for der, I
si God glory, just as I si am near Chebar River. So I fall face groun 24 and
God Spirit enter my body kon raiz mi up.
Den God tell mi, “Make yu go lock yorsef inside yor house. 25 Man pikin,
dem go tie yu with rope and yu nor go fit go out for publik. 26 I go klose
yor mout and yu nor go fit tok or warn all doz bad pipol. 27 Den wen I
tok to yu again kon give yu di pawa to tok, yu go tell dem wetin mi wey
bi God tok. Some of dem go listin, but some nor go listin to wetin yu dey
tok, bikos na bad pipol full der.”

# 4

*Ezekiel For Jerusalem*

1 God sey, “Man pikin, make yu take one stone kon put am for yor front
den draw Jerusalem put. 2 Tie am well-well! Make wall round am, den
guide am with sojas and betta iron gate. 3 Make yu take one iron pan
kon set am up like wall between yu and di town. Den turn make yu face
Jerusalem to show sey dem nor go fit eskape wen dia enemies dey kom
distroy dem. Dis go bi warnin to Israel pipol.
4 “Den, sleep with yor left side kon put Israel sins on-top yor body. And
for di days wey yu take sleep with yor left side, Israel pipol sin go dey yor
head. 5 Na mi know di nomba of days wey yu go bear dia sins rish and na
three hundred and ninty days wey go ripresent di years wey dem don sin.
6 “Wen yu don komplete dis days, yu go sleep again, but dis time, yu go
sleep with di rite and Judah sins go dey yor head. I don sey dis one go bi
forty days. One day go ripresent one year. 7 Yu go turn face where yu tie
di iron pan put kon tok against am sey; 8 Look! I go tie yu with rope, so
dat yu nor go turn anyhow until di days don komplete.
9 “Naw, take some bread, beans, lentil, millet and korn kon put dem for
one kontaina, den make yu chop from dem. Na di same days wey yu take
sleep, yu go take chop and na three hundred and ninty days. 10 Evriday, di
food wey yu go chop must nor heavy pass half pound and make e bi for di
same time wey use choose. 11 And na one and half lita of wota yu go dey
drink evriday. 12 Yu go use dry human being shit take make fire where
yu go take bake di bread wey yu go dey chop evriday and na for where
evribody go for si yu.” 13 God still sey, “Dis na to show how Israel pipol go
chop food wey dia law sey make dem nor chop. Dat time, I go don skata
dem go difren place.”
14 But I ansa, “God wey get pawa well-well, make Yu nor do am like dat!
Since I small, I neva chop food wey di law dey forbid or chop animal wey
die on en own or wey wiked animal kill. I neva chop any food wey nor
klean.”
15 So God sey, “Okay! I go allow yu use melu shit, instead of human
being own.”
16 God still sey, “Man pikin, I go remove bread from Jerusalem. Di pipol
go dey measure di food and wota wey dem dey drink, so dat e nor go
finish. 17 Dia bread and wota go finish; dem go dey for pain and dem go
die finish, bikos of dia sin.”

# 5

*Ezekiel Kut En Hair*

1 God sey, “Man pikin, use sharp knife take kut yor hair and bear-bear.
Put di hair for skale kon divide am into three part. 2 Burn di third part
for fire afta yor work don finish. Take anoda part kon kut am anyhow for
outside di town. Den make yu skata di remainin part for air and I go use
my swod take distroy dem. 3 Make yu keep and tie some of di hair for yor
klot. 4 Yu go still take some kon trow dem for fire make dem burn. From
der, one fire go spread go all Israel family.
5 “Dis na wetin God wey get pawa dey tok: Na Jerusalem bi dis; I put
am for difren nashon centre and difren kountries dey round am. 6 But

Jerusalem nor do wetin I kommand and e show sey e wiked pass di oda nashons. E disobey mi pass all di kountries wey dey round am. Jerusalem rijet my kommand and e nor gri receive my laws.

7 "So Jerusalem pipol make una listin: Na mi bi Oga God! Una nor gri obey my laws or tishings, instead una dey do wetin di oda nashons dey do. Una even sturbon pass di tribes wey dey near una.

8 "So mi God dey tell una sey I dey against una. Naw, all doz nashons
go dey look as I dey ponish una, bikos una don bi my enemy. 9 Bikos of all
di tins wey una do; tins wey I hate well-well. So I go ponish Jerusalem as
I neva do before, but I nor go ponish dem like dat again. 10 Bikos of dis,
for Jerusalem, papa and mama go chop dia pikin and shidren go chop dia papa and mama. I go ponish una and doz wey go remain wey nor die, I go skata dem for evriwhere for dis world.

11 "So as long as mi God dey alive and as una don spoil my temple with una juju and all di bad tins wey una dey do, I nor go sorry for una wen
I dey distroy una. 12 Some of una go die bikos of honga; sickness go kill some; swod go kill anoda set for outside di town and di remain wons, I go
skata dem for air kon porshu dem with my swod. 13 So my vexnashon go
end and my ponishment go rest for dia head, den I go dey okay. Wen all dis tins don happen, una go si, undastand and know sey na mi God, tok to una.

14 "All di pipol wey dey di oda nashons near una, wen dem waka pass, dem go dey laf and fool una, bikos of how God take distroy una land.
15 Wen I vex kom ponish una, all di nashons near una, go fear. Dem go
shake dia head and laf as dem dey look una. 16 I go let honga kill una and
una nor go si food chop. Una go feel my vexnashon like arrow wey dem
take shot pesin. 17 So, I go send honga and wiked animals kom meet una and dem go kill una shidren. Na trobol and deat go dey una land and I go raiz my swod against una.

Mi, wey bi God, don tok."

# 6

*God Nor Like Juju*

1 God tell mi sey, 2 "Man pikin, look where Israel mountin dey, make yu
tok against dem. 3 Tell di mountin for Israel sey make e hear wetin God dey tok; make e hear wetin mi di God wey get pawa dey tok. I dey tell di mountin, hills, river and di valley sey: I go send swod go distroy di place
where pipol for dey woship juju. 4 I go skata di juju kon broke dia incense
altar. I go kill all di pipol for dia juju front. 5 I go skata Israel pipol dead
body for evriwhere; I go skata dia bones round di altar. 6 I go distroy all
di towns for Israel kon skata dia juju and en altars, den evritin wey dem
make, go disappear. 7 I go kill pipol for evriwhere and doz wey go remain, go know sey, na mi bi God.

8 "I go let some of dem eskape di kilin, but I go skata dem go difren
kountries 9 where dem go for bi strenja. Dat time, dem go remember kon know sey I don ponish and disgrace dem, bikos dia heart rijet mi and dem kon decide to serve juju. Dem go hate demsef, bikos of di bad and wiked
tins wey dem don do. 10 Dem go know sey na mi bi God and I mean am wen I sey I go distroy dem."

11 God still sey, "Make yu klap yor hand! Mash di groun well-well! Cry
with pain kon sey, 'Bikos of all di wiked and bad tins wey Israel pipol don
do, dem go die for war or honga and diziz go kill dem trowey. 12 Doz wey
dey stay far, na sickness go kill dem; doz wey dey here go die for war;
doz wey survive, na honga go kill dem. Dem go feel how my vexnashon
strong rish. 13 Dead body go skata round dia juju and en altars; both for
dia hill and on-top evry mountin, under evry green tree and evry oak tree
and for evriwhere wey dem for dey burnt sakrifice give dia juju. Dat time,
evribody go know sey na mi bi God. 14 Yes, I go vex distroy dia land. I
go make dia land empty and from sout, e go bi like desert go rish Diblah
town for nort. Yes! E go bi like dat for evriwhere wey dem dey stay. Dat
time, dem go know sey na mi bi God.' "

# 7

*Israel Own Don Finish*

1 God tell mi, 2 "Man pikin, dis na wetin mi wey bi Oga God dey tell Israel
pipol. Di end don rish for evriwhere for di land! 3 Una end don kom. Una
go feel my vexnashon, bikos I dey judge una akordin to wetin una do. I go
pay una back for all di bad-bad tins wey una don do. 4 I nor go leave or
sorry for una. I go ponish una for di bad tins wey una do, so dat una go
know sey na mi bi God."

5 Dis na wetin God wey get pawa tok: "Israel pipol, I go ponish una well-
well. 6 E don finish for una. Na una end bi dis. Una own don finish. 7 Una
wey dey di land, wahala dey kom meet una. Di time go soon rish wen una
nor go dey do party for di juju house wey dey di mountin, but na so-so kry
una go dey kry. 8 E nor go tey before una go feel as my vexnashon strong
rish. I go judge una akordin to wetin una do and I go pay una back for all
di wiked tins wey una do. 9 I nor go sorry for una or show una mesi. I go
ponish una for di bad tins where una don do, den una go know sey na mi
bi God and na mi dey ponish una."

10 Si! Di day for strong wahala dey kom. Trobol go take-ova evriwhere
and pipol go dey karry body anyhow. 11 Wahala don turn swod wey
go ponish wiked pipol. Nor of dia tins go remain: dia money, propaty,
happiness and glory, all of dem go vanish. 12 Di time don rish! Di day don
kom. Naw, doz wey dey buy nor dey happy and make doz wey dey sell,
mourn, bikos God go ponish evribody. 13 Doz wey dey sell nor go get dia
money back wen dem still dey alive, bikos God vexnashon na for all of
dem. All dis sinnas go die finish and nobody go remain.

14 Even doh sey dem blow di trumpet and all di sojas for Israel dey ready,
nor of dem go gri go fight, bikos I dey vex for all of dem. 15 Pipol go dey
fight each oda for street, but for house, na sickness and honga go dey der.
Anybody wey dey outside di town go die for di fight and evribody wey dey
house, na sickness and honga go kill dem. 16 Some of dem go run go di
mountin like doves wey run from valley. All of dem go kry, bikos of dia
sins. 17 Evribody hand go dey weak and dia legs go dey shake. 18 Dem go
wear sak as klot for body and dem go dey fall as dem dey waka. Dem go
skrape dia head and na shame go follow dem. 19 Dem go trowey dia gold
and silva for di street like sey na dirty, bikos gold or silva nor go fit save
dem wen God vexnashon go kom and dem nor go fit use am get wetin

dem wont or chop am like food and na dis gold and silva make dem sin.
20 Before-before, dem dey make yanga with dia fine-fine tins kon take di
tins do juju. So na bikos of dis, God make dia money and propaty dey
yuzles.
21 God sey, "I go let strenjas tif am from dem and pipol wey nor dey obey
di law, go take all dia gold kon spoil am. 22 I nor go tok wen tif dey distroy
and rob my temple. 23 So make dem prepare to shain my pipol, bikos na
dead body full di land and na wahala full di town. 24 Di pipol wey bad
pass, I go bring and let dem tif una house. Una men wey get pawa go run
with fear wen I allow pipol kon skata where una for dey woship. 25 Trobol
dey kom. Una go look for peace, but una nor go si am. 26 One diziz go
follow anoda and na so-so bad-bad news una go dey hear. Una go beg di
profets make dem tell una wetin dem si. Di priest nor go get anytin to
tish di pipol and una eldas nor go fit give betta advise. 27 Di king go kry
well-well; di prince nor go get hope again and di pipol go dey shake, bikos
dem dey fear. I go ponish una for evritin wey una do and just as una judge
oda pipol, na so too I go judge una. Den una go know sey na mi bi God!"

# 8

*Jerusalem Juju*

1 Six years afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon as prisonas,
for di fift day for di sixt mont, di leaders for Judah kom meet mi for my
house and at wons God Spirit kon enter my body. 2 I si one vishon and di
tin wey I si bi like human being. From en waist go down, e bi like fire wey
dey burn, while from di waist kom up, e dey shine like bronze wey dem
polish. 3 Di tin whole my hair with en hand. Den for dis vishon, God Spirit
karry mi fly go Jerusalem. E take mi go di gate where dem dey pass for di
nort side for di temple and one juju wey dey make God vex, dey der. 4 For
der, I si God glory, just as I don si am before wen I dey Chebar River. 5 God
kon tell mi, "Man pikin, look go di nort side." I look and for der near di
altar, I si di juju wey dey make God vex.
6 God tell mi, "Man pikin, yu si wetin dem dey do so? Si di yeye tins wey
Israel pipol dey do for here! Dem dey porshu mi komot from my Holy
Place. Yu go even si tins wey bad pass dis ones."
7 So, E take mi go di gate for di kourtyard kon show mi di hole wey dey
di wall. 8 Den E sey, "Man pikin, break di wall." I break am and I kon si
one door.
9 E tell mi, "Go inside make yu si di bad and wiked tins wey dem don do
for der." 10 So I kon go look. Dem draw snake with oda bad animals and
all dia juju for di wall. 11 Seventy Israel leaders dey der, plus Jaazanaya
wey bi Shafan pikin. Each of dem whole wetin dem take dey burn incense
and smoke dey kom out from am.
12 God kon ask mi, "Man pikin, yu si wetin Israel leaders dey hide do?
All of dem dey woship for one room wey juju full. Dem dey sey, 'God nor
dey si us! E don leave dis land.' " 13 Den God tell mi, "Yu go si sey dem
dey do tins wey even bad pass dis ones."
14 So E take mi go di nort gate for di temple kon show mi wimen wey
dey kry, bikos of dia juju, Tammuz. 15 E kon ask mi, "Man pikin, yu dey si
dat one so? Yu go si di ones wey worse pass dis one."

16 So E take mi go inside di kourtyard for di temple. Near di Holy Place
gate wey dey near di altar and di varanda, twenty-five men dey der. Dem
back di Holy Place kon dey bow face di east, dey woship di sun as e dey
raiz.
17 God kon tell mi, “Man pikin, yu dey si dat one too? All dis bad tins
wey Judah pipol dey do and wey don spread for di land, nor do dem, but
dem still dey do am for my Holy Place and e dey make mi vex for dem
more-more. Si as dem dey curse mi for outside! 18 So, dem go feel my
strong vexnashon. I nor go sorry or pity for dem. Dem go shaut well-well
as dem dey pray give mi, but I nor go ansa or listin to dem.”

# 9

### *God Ponish Jerusalem*

1 Den I hear God shaut, “Una wey won go ponish di town, make una
bring una gun, swod and knife kom.” 2 At wons, six men just kom out
from di nort gate for di temple, each of dem karry swod. E get one man
among dem wey wear linen and e whole sometin for hand wey e won take
rite. All of dem kon stand near di bronze altar.
3 Den Israel God glory raiz-up from di creatures wey get feada kon move
go di temple gate. God koll di man wey wear linen kon tell am, 4 “Make
yu pass thru evriwhere for Jerusalem kon mark di pipol front head; pipol
wey dey face trobol and wahala, bikos of all di bad tins wey dey happen
for di town.”
5 I hear wen God tell di oda men sey, “Make una follow am pass thru
di town kon bigin kill pipol and make una nor sorry or leave anybody.
6 Make una kill both old and yong pipol; weda na papa, mama or pikin.
But make una nor tosh anybody wey get di mark for en head. Make una
start from my temple.” So dem kon start with di leaders wey dey der.
7 God sey, “Skata di temple! Make dead body full inside! Make una start
to kill!” So dem start to kill di pipol wey dey for di town. 8 Na only mi dey
der wen dem start to kill. So I fall face groun kon shaut, “Oga God wey
get pawa well-well, na so Yu dey vex for Jerusalem? Yu wont kill evribody
wey dey Israel?”
9 God ansa, “Israel and Judah pipol don sin well-well. Dem don kill pipol
for di land and dem nor dey obey my law again. Dem sey mi God don leave
dem and I nor dey si wetin dem dey do. 10 But I nor go sorry for dem. Na
wetin dem do oda pipol, na di same tin I go do dem.”
11 Den di man wey wear linen klot, kom back kon tell God sey, “I don do
as Yu sey make I do.”

# 10

### *God Glory Komot Di Temple*

1 I look on-top di creatures wey dey alive kon si sometin wey bi like
throne wey dem make with safaya. 2 So God tell di man wey wear linen
sey, “Go under di wheel make yu pak shako full hand kon go pour am for
di town.” So, I look am as e dey go.
3 As di man go inside, di creatures stand face di sout-side for di temple
and kloud kon full inside di kourtyard. 4 God glory kon raiz-up from di
creatures and E move go di temple gate. Den kloud full di temple and di

kourt kon dey shine, bikos of di lite. 5 Pipol wey dey outside di kourtyard
dey hear di nois wey di creatures feada dey make and e bi like sey na Oga
God dey tok.

6 Wen God sey make di man wey wear linen go take fire from under di
wheel, di man go inside go stand near one of di wheel. 7 One among di
creatures kon put en hand inside di fire, pak some shako, den e put am for
di man hand. Di man take di shako kon komot der. 8 I si sey di creatures
get sometin wey bi like human being hand under dia feada.

9 I still si sey dem get four wheel wey bi like each oda and each wheel
dey near en creature. 10 And wen I look dem well: di four wheel resemble
each oda like sey dem get wheel inside dia wheel. 11 Di creatures fit go
anywhere without sey dem turn. Dem dey go di direcshon wey dem like
without sey dem turn. 12 Eyes dey evriwhere for dia body, back, hand,
feada and wheel. 13 I hear as dem dey koll dia wheel, "O wheel." 14 Each
creature get four face. Di first one face na, angel own, di sekond one, na
human being own, di third one, na lion own and di fourt one, na eagle
own.

15 (Dem bi di same creature wey I si for Chebar River.) Wen di creature
get up 16 kon move, di wheel follow dem. Even wen dem won fly, di wheel
dey follow dem fly too. 17 Wen dem stop, di wheel stop too and wen di
creature fly again, di wheel follow dem, bikos na di creatures dey kontrol
di wheel.

18 Den God glory komot from di temple gate kon go where high pass
where di creatures dey. 19 Dem spread dia feada kon fly komot di eart and
I dey look as di wheel follow dem. Dem stop for di east gate for di temple
and Israel God glory kon kover dem.

20 I si dem as di same creatures wey I bin si under Israel God for Chebar
River. I know sey dem bi angel. 21 Each of dem get four face, four feada
and sometin wey bi like human being hand, dey under dia feada. 22 Dia
face just bi like di face wey I si for Chebar River. Each creature just dey
waka strait dey go.

# 11

*Israel Leaders Judgement*

1 God Spirit kon karry mi go di east gate for di temple. For near di gate, I
kon si twenty-five men, plus Jaazanaya, wey Azzur born and Pelataya wey
bi Benaya pikin and di two of dem na leaders for di land. 2 So God tell
mi, "Dis men dey plan evil and na wiked advise dem dey give Jerusalem
pipol. 3 Dem sey, 'E neva rish wen wi go ribuild awa house. Di town bi
like pot and na wi bi di meat wey dey inside di pot, but at least di fire nor
dey tosh or burn us.' 4 So, Man pikin, go tok against wetin dem dey do."

5 God Spirit kon dey kontrol mi and E give mi message make I go tell
Israel pipol sey: "I know wetin una dey tok and wetin una dey plan to do.
6 Una don kill many pipol for dis town, sotey dead body don full evriwhere
for di street. 7 So dis na wetin mi God dey tell una. 'I gri sey di town na
pot and na pipol wey una kill bi di meat! So, una nor go stay here again,
bikos I go remove una from di town! 8 Shebi una dey fear swod? So, I go
fight una with men wey karry swods. 9 I go take una komot di town kon
give una to strenjas. Yes! I go judge una 10 and una go die wen una dey

fight war for una kountry. Den evribody go know sey na mi bi God. [11] Dis
town nor go bi pot for una again and una nor go bi meat inside am. So,
anywhere wey una dey for Israel, I go judge and ponish una. [12] Den una
go know sey na mi bi God! Una dey keep oda nashon law, but una dey
break my own and nor dey obey my kommand.' "

[13] As I still dey tok, Pelataya wey bi Benaya pikin, kon fall die. I fall face
groun kon shaut, "God wey get pawa well-well, nor bi so o-o! Yu won kill
evribody wey remain for Israel?"

[14] God kon tell mi: [15] "Man pikin, di pipol where dey Jerusalem dey tok
about yu and di odas wey dey for strenjas land. Dem dey sey, 'Doz wey
dey dem karry go Babilon nor go fit woship God, bikos of where dem dey.
So God don give us di land.'

[16] "Naw, make yu tell doz wey dey with yu wetin I dey tok so. Na mi
send dem go stay for strenj land kon skata dem for evriwhere. Yes, I go
still dey with dem for di land wey dem dey.

[17] "So, make yu tell dem wetin mi wey bi God dey tok. I go gada dem
kom back from di land where I skata dem go kon give dem Israel land
again.

[18] "Wen dem kom back, dem must skata all di rubbish tins wey dem dey
do before kon skata any juju wey dem si for der. [19] I go give dem new
heart and mind. I go komot dia sturbon heart wey bi like stone kon put
anoda heart wey dey gentol and dey obey. [20] Dat time, dem go keep my
law and obey my kommand with all dia heart. Dem go bi my pipol and I
go bi dia God. [21] But pipol wey still like to woship juju and do bad tins, I
go ponish dem. I go ponish dem for di tins wey dem don do."

God wey get pawa well-well don tok.

[22] Di creatures kon dey fly and di wheel follow dem too. [23] God glory
kon komot di town go di east side for di mountin. [24] Leta, God Spirit karry
mi go meet di odas for Babilon.

Den di vishon kon finish [25] and I tell di pipol evritin wey God don show
mi.

# 12

*Di Profets For Babilon*

[1] God kon tell mi. [2] "Man pikin, na where sturbon pipol der yu dey stay.
Dem get eye, but dem nor dey si; dem get ear, but dem nor der hear, bikos
dem sturbon well-well.

[3] "So man pikin, make yu pak yor load like sey yu dey komot di town.
For aftanoon wen pipol still dey look, pritend like sey yu dey go Babilon.
Komot from where yu dey kon go anoda place. May bi dia mind go tell
dem wetin dey happen, even doh dem sturbon well-well. [4] For aftanoon
wen dem still dey look yu, karry di tins wey yu pak like sey yu dey go
Babilon. Wen dem still dey look yu, komot der for evening like sey yu dey
go anoda place. [5] Break di wall open as dem dey look yu kon trow yor
load pass am. [6] As dem still dey look yu, karry yor load for shoulder, den
make yu waka enter darkness. Yu must kover yor face, so dat yu nor go
si di land and dis go bi warnin to Israel pipol."

[7] So, I do as God kommand mi. For day time wen dem dey look mi, I pak
my load kon karry am like sey I dey go Babilon and for evening, I break di

wall with my hand. Den I go out for nite kon karry my load for shoulder
and dem still dey look mi.
8 For morning, God kon tell mi: 9 "Man pikin, naw wey dem don dey ask
yu wetin yu dey do, 10 make yu tell dem wetin mi wey bi God tell yu. 'Dis
message na for di priest wey dey rule for Jerusalem and for all di pipol
wey dey stay der.' 11 Tell dem sey, 'I bi warnin to una. Just as I don do, na
so too God go do una. Dem go katch and karry una go Babilon as slaves.'
12 "Di priest among una go karry en load put for shoulder kon waka
enter darkness. E go break di wall where e go trow en load pass. E go
kover en face, so dat e nor go si di land with en eye. 13 Den I go trow my
net on-top am kon katch am with my trap. I go take am go Babilon wey
bi Kaldea pipol land (but e nor go si am) and na der e go for die. 14 So I
go skata en ofisas and sojas go difren place and mi God go katch and kill
dem.
15 "Wen I don skata dem among di nashons and for strenja land, den
dem go know sey na mi bi God. 16 But I go let some of dem survive di war,
honga and diziz, so dat dem go tell di nashon where dem dey stay naw,
about all di yeye tins wey dem do. Den, dem go know sey na mi bi God."
17 God still tell mi sey: 18 "Man pikin, kry as yu dey chop yor food. Dey
shake as yu dey drink wota. 19 Den make yu tell di pipol for di land sey,
'Dis na wetin God tok about una wey dey stay for Jerusalem and Israel.
Una go chop una bread with pain kon drink wota with fear. Bikos of di
wahala wey una kause, I go take evritin wey dey una land. 20 Pipol wey
dey stay der go sofa and di land go skata finish. Den, una go know sey na
mi bi God.' "
21 Den God tell mi: 22 "Man pikin, wetin make Israel pipol dey always
tok like dis: 'Di days dey pass dey go, yet all dis vishons nor mean anytin
to dem?' 23 So make yu tell dem sey: 'Dis na wetin God wey get pawa tok:
I go stop all di word wey di pipol dey tok and dem nor go tok like dis for
Israel again.' But make yu tell dem, 'Di day don rish wen evry vishon wey
dem tok, go happen. 24 Bikos dat time, di yeye vishon or words wey Israel
pipol dey tok, nor go dey again. 25 Bikos mi wey bi God go tok anytin wey
I like and e go happen, just as I tok am: E nor go waste time again and na
wen wiked pipol still dey alive. Yes! I go tok di word and e go happen just
as I tok am.' "
26 Den God tell mi: 27 "Man pikin, Israel house dey sey, 'Di vishon wey
God dey tell us nor go happen naw; E dey tok about tin wey go happen
tumoro.' 28 So make yu tell dem, 'Dis na wetin God wey get pawa dey tok:
Evritin wey I tok, nor go tey before dem go happen! Evry word wey I tok,
go must happen.' "

# 13

*Message To Lie-lie Profets*

1 God tell mi: 2 "Man pikin, make yu tok against di profets for Israel.
Profets wey dey tell pipol anytin wey dem like. Go tell dem sey: 'Make
una hear God word! 3 God wey get pawa sey: E nor go betta for foolish
profets wey dey follow dia own spirit, even wen dem neva si anytin at-all!
4 Israel pipol, una profets dey yuzles like animals wey dey inside dirty for
di town. 5 Since dem nor gri guide di place where di wall for break or
ribuild am, nor-tin go fit guide Israel pipol wen God wahala go kom. 6 Dia

vishon na lie and anytin wey dem tok sey go happen, nor dey happen.
Dem dey sey na my message dem dey prish, but I nor send dem and dem
dey espect sey wetin dem tok, go happen! 7 I tell dem sey all doz vishon
wey dem si, na lie dem bi and evritin wey dem sey go happen, nor go
happen. Una sey na my word, but I neva follow una tok anytin wons!' "
8 Den God kon tell mi: "Una words na lie and una vishons nor go happen.
I really dey vex for una. 9 I go soon ponish una wey bi lie-lie profets, bikos
wetin una dey tok, dey skata pipol. Una nor go dey der wen my pipol go
gada make decision; una name nor go dey among Israel pipol and una nor
go ever kom back to di land. Den una go know sey na mi bi God.
10 "Di profets deceive my pipol wen dem tell dem sey evritin dey okay.
But evritin nor dey okay at-all! My pipol don build wall with stones wey
nor strong and di profets kon paint am fine for dem. 11 So make yu go tell
di profets sey dia wall go fall. I go send rain with big-big stone kon fall
on-top am and betta strong breeze go blow am trowey. 12 Wen di wall don
fall, pipol go ask di profets, 'Wetin happen to di wall wey una paint?' "
13 Naw, dis na wetin God wey get pawa dey tok: "As I dey vex, I go send
strong breeze with rain and big-big stone kon skata di wall. 14 I go break di
wall wey dem paint and evritin go skata finish. E go fall kon kill evribody,
den una go know sey na mi bi God. 15 Di wall plus doz wey paint am, go si
how my vexnashon strong rish. Den I go tell una sey di wall and doz wey
paint am, don skata 16 and dem bi doz profets wey tell Jerusalem pipol sey
evritin dey okay, wen evritin nor dey okay!"
God wey get pawa don tok.
17 Den God tell mi: "Naw, make yu si di lie-lie wimen wey dey among
una. Tell dem 18 wetin God tok about dem sey: 'Una wey dey put odas life
for danger, ponishment dey wait una. Una tie majik for dia hand and give
dem majik klot wear. Una tink sey una fit trap odas without sey una nor
go sofa too? 19 Una disobey mi for my pipol front, so dat una go get small
rice and bread to chop. Una kill pipol wey una nor suppose kill and pipol
wey una suppose kill, una nor kill dem. So una dey lie give my pipol and
dem dey bilive una.' "
20 Naw, dis na wetin God wey get pawa dey tok: "I know like dat rope
wey dey una hand wey una dey use take kontrol pipol life. I go remove
dem from una hand kon free doz wey una dey kontrol. 21 I go komot una
priest kap kon let my pipol free from una hand wons and for all. Den una
go know sey na mi bi God. 22 Una dey use una lie take diskorage good
pipol; pipol wey I nor like to ponish. Una nor let evil pipol shange from di
bad tins wey dem dey do, so dat dem go dey save. 23 So una lie-lie vishon,
don end. I go save my pipol from una pawa, so dat una go know sey na
mi bi God."

# 14

*God Kondemn Juju*

1 Some leaders for Israel kom meet and ask mi sey, "Wetin God wont?"
2 So God tell mi: 3 "Man pikin, dis pipol don give dia heart to juju and na
di juju dey make dem sin. Dem tink sey I go ansa dem? 4 Naw, go tell dem
wetin mi God wey get pawa dey tell dem: Israel pipol dey serve juju and
dis juju don make dem dey sin; so if dem go ask any profet kweshon, na
mi God go give dem di kind ansa wey good for dia many juju! 5 All dis juju

don make Israel pipol turn from mi, but afta I don ansa dem, I bilive sey
dem go turn back kom meet mi.
6 "Naw, make yu tell Israel pipol wetin mi God wey get pawa dey tok:
Make una turn back from una juju and from di yeye life wey una dey live.
7 Wen ever any Israel pesin or strenja for Israel turn leave mi kon go serve
juju, den e go ask profet kweshon, na mi wey bi God, go ansa am! 8 I go
oppoz am. I go use am make ezample for odas. I go komot am from among
my pipol. Den una go know sey na mi bi God.
9 "If any profet give una wrong massage, make una know sey na mi wey
bi God do am like dat. But I go still rijet and remove am from among my
pipol for Israel. 10 Both di profet and di pipol wey ask am kweshon, na di
same ponishment I go give dem too. 11 I go do like dis, so dat Israel pipol
go obey and dem nor go turn from mi. Dem suppose bi my pipol and I go
bi dia God."
God wey get pawa don tok.

### *Noah, Daniel And Job*

12 Den, God kon tell mi: 13 "Man pikin, if one kountry sin kon disobey
mi, I go stop to give dem food chop. I go send betta honga go der kon kill
both animal and human being. 14 Even if Noah, Daniel and Job dey stay
der, dia good wey dem dey do, go save only dia own life."
God wey get pawa don tok.
15 "Or I fit send wiked animal make e kom kill di pipol, den evribody go
dey fear di land; nobody go fit travel pass am 16 and even if Noah, Daniel
and Job dey stay der, as long as mi wey bi God wey get pawa dey alive,
dem nor go even fit save dia own shidren. Dem go save only dia life and
di land go bi like wildaness.
17 "Or I fit send war kom dat kountry and dem go distroy di pipol and
dia animals with gun, swods and knife 18 and even if doz three men dey
stay der, as long as mi wey bi God wey get pawa dey alive, dem nor go
even fit save dia own shidren, na only dia own life dem go save.
19 "If I send betta diziz go dat kountry kon kill many pipol and animals,
bikos I dey vex 20 even if Noah, Daniel and Job dey stay der, as long as
mi wey bi God wey get pawa dey alive, dem nor go even fit save dia own
shidren, di betta tins wey dem do, go only save dia own life."
21 Dis na wetin God wey get pawa dey tok: "I go send my four worse
ponishment kom Jerusalem and dem bi: war, honga, wiked animals and
diziz. I go send dem kon distroy di pipol and dia animals. 22 Yet some
pipol go survive for di town, both sons and dotas and dem go karry dem
as prisonas go Babilon and wen yu si as dem sin rish, yu go know why I
do all dis tins. 23 Yu go si di real rizin why I dey do wetin I dey do."
God wey get pawa don tok.

## 15

### *Di Vine Parabol*

1 Den, God kon tell mi: 2 "Man pikin, na how dem won take kompare
vine with tree for forest? 3 Yu fit use di vine do anytin? Yu fit even hang
sometin on-top am? 4 E only dey yuzful as firewood. Even if di wood nor
burn skata finish for di fire, yu still fit use am do anytin? 5 E nor bin dey

yuzful even before dem burn am, so na naw wey fire don burn am, e won
dey yuzful?”
6 Naw, dis na wetin God wey get pawa dey tok: “Just as dem dey take vine
for forest kon go burn am, na so I go take distroy 7 and ponish Jerusalem
pipol. Dem don eskape one fire, but naw, betta fire go burn dem finish.
Wen I don ponish dem, den una go know sey na mi bi God. 8 Dem nor dey
respet mi, so I go turn dia land to desert.”
God wey get pawa don tok.

# 16

*Jerusalem Sin*

1 God kon tell mi again sey: 2 “Man pikin, go meet Jerusalem pipol about
di bad tins wey dem do kon tell dem sey 3 ‘Dis na wetin God wey get pawa
dey tell Jerusalem: “Na Kanaan land dem for born yu. Yor papa kom from
Amor and yor mama na from Hit. 4 Wen dem born yu, nobody kut di rope
wey join yu and yor mama togeda or sey dem wosh and rub yu with salt
or wrap yu put inside klot. 5 Nobody sorry for yu kon do any of dis tins
for yu. Wen dem born yu, nobody love yu and dem trowey yu for open
field.
6 “ ‘ “Den wen I dey pass, I si yu dey roll for inside yor own blood for
groun. Blood kover yor full body, but I nor fit look make yu dey die. 7 So I
make yu grow like betta seed wey dem plant. Yu strong as yu dey grow and
yu tall like fine woman. Yor breast dey okay and yor hair fine well-well,
but yu dey naked.
8 “ ‘ “As I dey waka pass again, I kon si sey di time wey yu suppose to
undastand wetin love mean, don rish. So, I kover yor naked body with my
klot kon promise sey I go always love yu. Yes, I marry yu and yu kon bi
my own.” ’ ”
Dis na wetin God wey get pawa dey tok.
9 “Leta, I take wota wosh di blood komot yor body kon rub olive oil for
yor skin. 10 I dress yu with klot wey dem design well kon give yu shoe
wey dem make with betta leader, den I put priest kap wey dem make with
linen for yor head. 11 I still wear jewel and difren shains for yor neck. 12 I
give yu one nose ring, ear-ring and one fine crown make yu wear. 13 Yu
get difren gold and silva and yu always dey wear klot wey dem make with
betta linen and silk. Yu dey chop bread wey dem make with di best flower
and yu get many honey and olive oil to drink. Yor beauti dey shine and yu
bi kween. 14 Bikos of di wey yu fine rish, evribody know yu for evriwhere,
bikos na mi make yu fine well-well.
Dis na wetin God wey get pawa dey tok.
15 “Bikos yu fine, yu kon bigin do anyhow and dey sleep with anybody
wey yu si. 16 Yu design di place where yu for dey woship yor juju with yor
klot like sey na ashawo house and yu kon dey sleep with evribody for der.
17 I give yu fine silva and gold make yu dey wear, but naw, yu don use dem
make juju wey yu dey sleep with. 18 Yu take di fine-fine klot wey I give yu
kon wear dem give di juju and di olive oil wey I give yu, yu still dey offa
am give di juju. 19 I give yu food; di best flower, olive oil and honey, but
yu sakrifice dem give di juju sey, Make yu protet mi.”
Dis na wetin God wey get pawa dey tok.

20 “Den di shidren wey yu born for mi, yu sakrifice dem give di juju too.
Like sey di ashawo wey yu dey do nor bad rish, 21 yu still go sakrifice my
shidren give juju. 22 Even as yu dey do ashawo waka, yu nor remember
di days wen yu dey small, naked for groun and dey roll for yor blood.”

### *Jerusalem Ashawo Life*

23 God sey, “Si di kind sofa wey dey wait yu bikos of yor many evil and
as 24 yu build where dem go for woship yor juju for evry street for di
town. 25 Yu trowey yor beauti for portor-portor, bikos anybody wey kom
meet yu, yu dey sleep with am and yor ashawo dey strong evriday. 26 Yor
ashawo friends wey kom from Egypt, yu let dem sleep with yu and naw,
yor ashawo life dey make mi vex. 27 Naw, I don raiz my hand won ponish
yu kon take yor share for di blessing, komot yor hand. I don give yu to
Filistia pipol; pipol wey hate yu and dem nor like di life wey yu dey live.
28 Bikos nor-tin dey rish yu, yu kon dey follow Assyria pipol. Even doh
yu bi dia ashawo, dem nor still dey okay for yu. 29 Yu still bi ashawo for
Babilon wey get business men, but dem nor rish yu too.”

30 So dis na wetin God wey get pawa dey tok: “Yu don do all dis tins like
ashawo wey nor get shame for eye. 31 For evry street, yu build where pipol
go for dey woship juju and learn ashawo. But yu still betta pass ordinary
ashawo, bikos yu get money.

32 “Yu bi like wife wey nor love en husband, instead e dey sleep with
strenjas anyhow. 33 Pipol dey pay ashawo, but yor own difren, bikos na
yu dey give pipol gift make dem for kom sleep with yu. 34 Yor ashawo dey
difren, bikos nobody sey yu must bi ashawo. Nobody dey pay, instead na
yu dey pay dem! True-true, yor ashawo dey difren.”

### *God Judge Jerusalem*

35 So, Jerusalem, make yu hear mi naw! Hear wetin God dey tok. 36 Dis
na wetin God wey get pawa dey tok: “Yu tear yor klot komot body kon
give yor body to yor lovers dem and all yor juju, den yu kill and sakrifice
yor shidren give juju too. 37 Bikos of dis, I go bring all di pipol wey yu love
togeda; di ones wey yu like and doz wey yu hate. Dem go round yu like
circol, den I go tear yor klot komot yor body kon let dem si yor nakednes.
38 I go distroy yu, bikos of yor ashawo life and doz wey yu kill. Den with
my vexnashon, I go ponish yu till yu die. 39 I go put yu for dia hand and
dem go skata di place where yu for dey serve juju and do ashawo. Dem go
take yor klot and gold go and yu go dey naked. 40 Dem go gada crowd kon
stone yu, den dem go use dia swod take kut yu to pieces. 41 Dem go burn
yor house and many wimen go si as dem dey ponish yu. I go make yu stop
ashawo work and doz wey love yu, yu nor go give dem gift again. 42 Den
I nor go vex again and I go kwayet. I nor go dey vex or jealous again.

43 “Since yu don forget how I kare for yu wen yu bi small pikin and yu
don make bi vex with all di tins wey yu dey do, I must pay yu back for all
dis bad tins. But, wetin make yu dey do ashawo join di bad-bad tins wey
yu do?”

God wey get pawa don tok.

### *Like Mama Like Pikin*

44 God sey, “Jerusalem, pipol go use dis tins take tok about yu: ‘Like
mama, like pikin.’ 45 Yu really bi yor mama pikin. Yor mama run leave

en husband and shidren. Yu bi like yor sista wey hate en husband and
shidren too. Yu and Hit wey bi di oda town get di same mama and na
Amor bi una papa. 46 Yor senior sista na Samaria for nort. Yor yonga sista
na Sodom for sout. 47 Yu like as yu dey do di bad tins wey dem do? No!
But e nor even tey before yor own worse pass dia own. 48 So as long as mi
wey bi God dey alive, I dey sey, 'Yor sista, Sodom and en village nor ever
do di wiked tins wey yu and yor village don do.'
49 "Yor sista and en pikin dey karry body up, bikos dem get enough to
chop and dem dey stay for peace, but dem nor gri kare for poor pipol and
doz wey nor get to chop. 50 Dem proud and sturbon kon dey do tins wey I
nor like and na dis make mi distroy dem, just as all of yu know. 51 Samaria
nor do half of di bads tins wey yu do. Yu ways bad well-well pass dia own.
Bikos of di bad tins wey yu dey do, e kon bi like sey yor sistas nor even
do any bad tin at-all. 52 So naw, make yu bear di shame wey dey kom. Yor
sins bad pass yor sistas own, sotey if dem look yu, dem go sey, 'Wi nor
even do anytin.' Naw, make yu bear yor shame and pain, bikos yu don
make yor sistas bi like good pesin."

### *Sodom And Samaria Go Dey Save*

53 God tell Jerusalem, "Sodom and Samaria town, I go make una grow
and prosper again. 54 Yu go shame for yorsef and yor disgrace go show
yor sistas sey dem even dey good pass yu. 55 But wen di time don rish, I go
make dem prosper again and I go ribuild yu and yor town. 56 Dat time wey
yu dey proud, shebi yu dey laf Sodom 57 wen yor wikedness neva bring
yu kom out? Naw, yu just bi like am, bikos Edom, Filistia pipol and yor
neighbours wey hate yu, dey laf yu naw. 58 Yu must sofa for all di wiked
and bad tins wey yu don do."

God don tok.

### *Kovenant Wey Dey Forever*

59 God kon sey, "Na as I suppose trit yu, I go trit yu, bikos yu nor gri do
wetin yu promise and yu break di kovenant. 60 But I go still do di kovenant
wey I make with yu wen yu dey small. I go make kovenant with yu wey
go last forever. 61 Yu go remember how yu bihave, den shame go katch
yu wen yor senior and yonga sista go kom back kon meet yu. I go let dem
bi like yor pikin. 62 I go renew my kovenant with yu and yu go know sey
na mi bi God. 63 I go forgive yu all di bad tins wey yu don do, but wen yu
remember dem, shame nor go let yu open yor mout."

God wey get pawa don tok.

# 17

### *Di Eagle And Di Vine Parabol*

1 God kon tell mi: 2 "Man pikin, go tell Israel pipol dis parabol; 3 tell dem
sey di Oga God wey get pawa well-well sey:

"One big eagle wey get fine and long feadas,
fly go Mount Lebanon kon break di branches
wey high pass for one cedar tree komot,
4 den e karry am go where pipol for dey do business
kon plant am for der.
5 E take one small plant for Israel
kon go plant am for betta groun

and wota dey always dey di place so dat e go grow.
6 So di plant grow kon spread
for evriwhere like grape tree.
Di branches dem grow well-well
and en rut strong for groun too.
E kon turn to big vine tree
wey get many branches and leaf.
7 Anoda strong eagle
wey get big and tick feada dey.
Naw, di rut and leaf for di vine face dis eagle,
bikos di vine bilive sey di eagle go
gi-am more wota pass
di one wey di gardin dey give,
8 even doh dem don already plant di vine
for betta groun wey get wota,
wey go make am grow well
kon bear betta and sweet fruits.
9 Naw, mi God wey get pawa dey ask:
Dis vine go prosper?
No! I go plok all en fruit
kon rut am komot groun
and en leaf go dry kon die.
I nor nid strong hand or many pipol,
bikos e nor go hard mi to rut am from groun.
10 Yes, dem don plant am,
but e go fit prosper?
E nor go die wen breeze blow kom from east?
Abi e nor go dry finish for where e for dey grow?"

### *Wetin Di Parabol Mean*

11 God tell mi, 12 "Ask dis bad pipol if dem know wetin di parabol mean.
Tell dem sey Babilon king kom katch and karry Jerusalem king and en
ofisas go Babilon. 13 E choose one of Jerusalem king broda, enter agriment
with am kon make am swear sey e go always dey loyal to am. E katch and
karry important pipol go prison, 14 so dat Jerusalem nor go raiz again and
to make sure sey dem go keep di agriment wey dem make with am. 15 But
Judah king go against Babilon king. E go hire horse and many sojas from
Egypt. Naw, with all dis one, e go fit win di fight against Babilon king? E
go fit do wetin e plan? E go fit break di agriment and nobody go ponish
am?
16 "As long as I bi God wey nor dey die, dis king go die for Babilon,
bikos e break di agriment wey e make with Babilon king wey put am for
di throne. 17 Wen Babilon sojas don ready to attack and kill pipol, even di
sojas wey strong pass for Egypt nor go fit help Judah king, tok-less of to
save am, 18 bikos e don break di agriment wey e make. E do all dis tins
and naw, e nor go eskape am."
19 So God wey get pawa sey, "As long as I bi di God wey nor dey die, I
go ponish am, bikos e break di agriment wey e make with my name. 20 I
go katch am with my net. I go take am go Babilon kon ponish am for der,
bikos e disobey mi. 21 Dem go kill en betta-betta sojas for war and di ones
wey survive go skata for evriwhere. Den e go know sey,

Mi, wey bi God, don tok."

*God Promise*

[22] Dis na wetin God dey tok:
"I go kut di branches wey high
pass for di cedar tree komot,
den I go plant am on-top mountin
[23] and na on-top di mountin wey high pass for Israel.
E go grow kon get branches;
bear seed and e go bi very fine cedar.
Difren birds go stay der
kon build house put for di cedar tree.
[24] Evry tree for di land go know sey
na mi bi God.
I go kut di trees wey tall
and di ones wey short, I go make dem tall.
I go make green trees dry
kon make dry trees, green.
Mi wey bi God don tok
and I go do wetin I sey I go do."

# 18

*Na Pesin Wey Sin Go Die*

[1] God kon tell mi again sey, [2] "Israel pipol, dis word wey una dey always
tok for dis land, na wetin e mean? Una dey sey,
" 'Mama and papa dey chop grape wey don sawa,
but na di shidren dey feel di sawa taste for dia mout.' "

[3] God sey, "As long as I bi di God wey nor dey die, una nor go tok dis
kind tins again. [4] Na mi get evribody life, even una papa and mama plus
dia shidren life, na mi get am. Di pesin wey sin, na-im go die.

[5] "If to sey one man dey wey really dey good, raitious and honest; [6] nor
dey serve Israel pipol juju or chop food wey dem sakrifice give juju: [7] Pesin
wey nor dey play pipol wayo or tif from pipol. Anytin wey pesin gi-am, so
dat e go borrow di pesin money, e dey riton am give di pesin; e dey give
food to pipol wey dey hongry and doz wey dey naked, e dey give dem klot
wear. [8] E nor dey borrow pipol money so dat e go get gain. E nor dey do
bad tins and e dey judge matter well. [9] Pesin wey dey obey my kommand
and keep my laws well. God wey get pawa sey, dat kind man dey raitious
and e go get long life.

[10] "But if dis man get boy pikin wey dey kill and do all dis bad tins [11] wey
en papa nor dey do kon dey chop juju food and sleep with pipol wife? [12] Or
dey play poor pipol wayo; dey tif, dey keep wetin pesin gi-am, so dat e go
borrow am money; dey follow sinnas go woship dia juju [13] and dey borrow
pipol money to make gain. E go fit live? No! E nor go live. E don do all
dis bad tins, so e must die and e go blame ensef for en own deat.

[14] "But if e born pikin and di pikin si all di sins wey en papa dey do,
but e nor follow am, [15] or follow dem serve juju or chop food wey dem
sakrifice give juju. Nor dey sleep with anoda man wife, [16] opress or tif
from pipol. Dey riton wetin pesin gi-am to take borrow money. Dey feed
pipol wey dey hongry kon give klot to doz wey dey naked [17] and nor gri

do wiked tins or borrow pipol money to get gain. But dey keep my law
and obey my kommand. E nor go die, bikos of en papa sin, but e go get
long life. 18 But for en papa wey play wayo, tif and dey wiked to evribody,
go die bikos of di sins wey e kommit.
19 “Naw, yu go ask sey: ‘Wetin make di pikin nor sofa for wetin e papa
do?’ Di ansa na sey di pikin do wetin dey rite and good. E keep and obey
my law, so e must really get long life. 20 Na di pesin wey sin, go die. Pikin
nor go sofa, bikos of en papa sin and papa nor go sofa, bikos of en pikin
sin. Pesin wey good, God go pay am for en goodness, but wiked pesin go
sofa di wikedness wey e do.
21 “If wiked man stop to sin kon dey obey my law; dey do wetin dey rite
and good, e nor go die, but e go get life. 22 God go forgi-am all en sin and
e go get life, bikos e do di rite tin.” 23 God wey get pawa sey, “Yu tink sey I
dey happy as wiked pipol dey die? No! I go like if dem turn from sin kom
meet mi, so dat dem go get life.
24 “But if one good man stop to do good kon dey do bad and wiked tins
wey bad pipol dey do, yu tink sey e go live? No! Dem nor go remember
any good tin wey e do. E go die, bikos e nor gri obey my law and e dey
sin.
25 “Den una sey, ‘God dey play wayo.’ Naw, Israel pipol, make una ansa
mi, ‘I dey play wayo?’ 26 Wen betta pesin stop to do good kon dey do bad
tin, den e kon die, e die bikos of di sin and wiked tins wey e do. 27 Na so
too, wen wiked man stop to sin kon dey do wetin dey rite and good, e go
save en life, 28 bikos e si sey wetin e dey do nor good, so e kon stop to dey
sin. E nor go die at-all, but e go live. 29 Una wey bi Israel pipol dey sey,
‘God dey play wayo.’ Una tink sey na wayo I dey do? Nor bi una dey do
wayo?
30 “Naw, mi wey bi God wey get pawa dey tell Israel pipol sey I go judge
evribody akordin to wetin e do. So make una turn from sin and all di bad
tins wey una dey do, so dat una sins nor go distroy una. 31 Make una stop
all di bad and wiked tins wey una dey do, so dat una go get new mind and
heart. Israel pipol, why una like to die? 32 I nor wont make anybody die.”
God wey get pawa sey, “Make una run from sin and una go get life.”

# 19

*Sorrow Song*

1 God sey make I sing dis sorrowful song for di prince dem wey dey
Israel:
2 “Una mama na really strong lion
wey train en shidren
for where oda wiked lions dey.
3 E tish one among en shidren
how e go take katch oda animals
and naw, e dey chop human being.
4 But pipol for oda nashons hear about am,
so dem tie and trow am inside pit
kon drag am with hook go Egypt.
5 Wen di mama wait kon si sey en pikin
nor dey kom back again,
e kon train anoda lion

wey wiked pass di first one.
6 Wen dat one don big,
e kon start to katch animals
and chop human being like oda lions.
7 E skata where sojas dey guide well
and distroy dia towns.
Di way e dey shaut,
dey make di pipol for di land dey fear.
8 Pipol gada kom from evriwhere
kon fight am.
Dem spread dia net
kon katch am with dia trap.
9 Den dem put am for kage
kon karry am go give Babilon king.
Dem put am for prison,
so dat pipol nor go hear en vois again
on-top Israel mountin.

10 Yor mama bi like vine wey dem plant near wota
wey get fresh leaf and dey bear good fruits.
11 En branches strong well-well like royal rod.
Di vine grow and tall well-well.
Yes! Evribody si as e tall rish
and how en leaf fine.
12 But wiked pipol kon kut am down.
Di wind blow kon dry all en fruit.
En branches dem break komot
kon dry and fire burn dem.
13 Naw, dem plant am for desert;
di place wey dry and nor get wota.
14 Den fire katch di vine
kon burn evritin
plus en fruit finish
and e nor go ever strong again.
E nor go ever bi dat royal rod again.
"Dis na di sorrowful song wey dem go always dey sing."

# 20

*Israel Pipol Sin*

1 Seven years afta dem karry Israel pipol go Babilon as prisonas, for
di tent dey for di fift mont, some leaders for Israel kom my house kon
sidan for my front dey ask mi sey wetin God wont. 2 Den God kon tell mi:
3 "Man pikin, tell dis men wetin God wey get pawa dey tok: Una don kom
ask wetin I wont, abi? As long as I bi di God wey dey alive, I nor go let
una ask mi anytin.

Mi, wey bi God wey get pawa, don tok.

4 "Man pikin, yu don ready to judge dem? Yu don ready to judge all of
dem naw? Den, make yu judge dem. Remind dem about all di bad-bad
tins wey dia papa don do before. 5 Tell dem wetin I dey tok. Wen I choose
Israel, I promise Jakob shidren-shidren kon show mysef and tell dem wen
dem dey Egypt sey: 'Na mi bi di Oga wey bi dia God.' 6 Dat time, I promise

sey I go take dem komot from Egypt go di land wey I don choose for dem.
Di land wey dey okay, good and e fine well-well. [7] I tell dem sey make dem
trowey all dia juju and make dem nor dirty demsef with Egypt juju, bikos
na mi bi di Oga wey bi dia God. [8] But dem rijet mi and nor gri listin to
mi. Dem nor gri trowey dia juju or stop to woship Egypt gods and naw, I
dey ready to make dem feel as my vexnashon strong rish. [9] But I nor do
am, bikos I nor won disgrace my name. I nor go spoil my name give doz
nashons wey si mi wen I dey take my pipol komot Egypt [10] and true-true,
I take dem komot Egypt go inside di wildaness.

[11] "I give dem my kommand kon tell dem my laws wey dey give life to
doz wey obey am. [12] I still give dem my Sabat wey go show my promise
with dem, so dat dem go remember sey na mi make dem dey holy.

[13] "But even as dem dey wildaness, dem rijet mi. Dem break my laws kon
rijet my kommand wey dey give life to doz wey dey obey am. Dem distroy
di Sabat finish. Wen dem dey di wildaness, I dey ready to make dem feel
as my vexnashon strong rish. [14] But I nor distroy dem since dat one fit stop
pipol to obey mi, bikos some kountry don si and hear as I take-take Israel
pipol komot from Egypt. [15] So, I kon swear for dem di wildaness sey, I nor
go take dem go di land wey I don promise dem; land wey dey okay, good
and fine well-well. [16] I tok like dat, bikos dem don break my law, rijet my
kommand kon distroy di Sabat. Dem like to woship juju well-well. [17] But I
still sorry for dem kon gri sey I nor go kill dem for di wildaness. [18] Instead,
I warn di yong pipol wey dey with dem sey: 'Make una nor follow di laws
wey una papa dem make or follow wetin dem dey do or serve di juju wey
dem dey serve. [19] Na mi bi una Oga and God, so make una obey my laws
and kommand. [20] Make una keep di Sabat holy, so dat e go bi sign for di
kovenant wey wi make and e go remind una sey na mi bi di Oga wey bi
una God.'

[21] "But dat generashon still rijet mi. Dem break my laws and dem nor
gri keep my kommand wey dey give life to doz wey obey am. Dem distroy
di Sabat finish. So, I dey ready to make dem feel as my vexnashon strong
rish and I like to kill all of dem as dem dey di wildaness, [22] but I nor distroy
dem since dat one fit stop pipol to obey mi, bikos some kountry don si and
hear as I take-take Israel pipol komot from Egypt. [23] So I kon swear again
for di wildaness. I swear sey I go skata dem for evriwhere for di world. [24] I
do like dis, bikos dem don rijet my kommand, break my law kon distroy
di Sabat Day and dey serve di same juju wey dia grand-grand papa dem
serve. [25] Den I give dem wiked laws and kommand wey nor dey give life.
[26] I allow dem distroy dia life with dia own ofrin kon let dem sakrifice and
kill dia first pikin. Dis na to ponish and show dem sey na mi bi God.

[27] "Naw, man pikin, make yu go tell Israel pipol wetin mi God wey get
pawa dey tell dem, Na so una papa dem take curse mi wen dem nor gri
do di rite tin. [28] I bring dem kom di land wey I don promise sey I go give
dem. Wen dem si how di tree for der fine and how di mountin tall rish,
dem kon bigin sakrifice give di tree and mountins. Dem make mi vex,
bikos of di sakrifice wey dem dey burn and di wine wey dem dey offa as
ofrin. [29] I kon ask dem: 'Wetin bi dis high place wey una dey go?' (Dis
na pagan shrine and na Bama wey mean high place dem dey koll am kon
rish today.)

30 “Naw, make yu tell Israel pipol wetin I dey tok: Why una dey kommit
di same sin wey una papa kommit kon dey run follow dia juju. 31 Even
till today, dem still dey offa di same sakrifice and dey distroy demsef with
di juju, bikos dem dey burn dia shidren for fire gi-am as sakrifice. Den
Leta, una go still kom ask sey wetin I wont! But as long as I bi God wey
get pawa and di God wey nor dey die, I nor go let una ask mi anytin.
32 “Una gri sey una won bi like di oda kountries; like pipol for oda
kountry wey dey woship three and mountin. But una plan nor go work.
33 True-true, mi wey bi God wey get pawa, na mi bi di God wey nor dey die
and I dey warn una sey if I vex, I go rule una with strong hand and with
all my pawa. 34 Bikos I dey vex, I go use my strong hand take gada una
togeda kom back from di kountries where I bin skata una go. 35 I go take
una enter di wildaness wey dey di nashons and wi go stand face-to-face
as I dey judge una. 36 As I take kondemn una grand-grand papa for Sinai
wildaness, na so too, I go take kondemn una. Na God wey get pawa tok
like dis. 37 Na mi, God dey kontrol una, so dat una go obey my kommand.
38 Doz wey bi sinnas, I go take dem komot from where una dey. I go take
dem komot from di land where dem dey stay naw and dem nor go ever
kom back to Israel land again. Den una go know sey na mi bi God wey get
pawa.”
39 God wey get pawa sey, “Israel pipol, make una dey do wetin una like!
Make una kontinue to serve una juju! But I dey warn una sey, afta una
don serve juju finish, una go must obey mi kon stop to rijet my name wey
dey holy, bikos una dey ofrin to juju. 40 All of una for Israel go woship
mi for di land wey dey on-top my holy mountin. I go dey good to una, so
I espect una to give mi una sakrifice, betta ofrin and gifts wey dey holy.
41 Afta I don bring una kom back from di kountries where I skata una go
before, I go asept di sakrifice wey una go give and evribody go si sey I dey
holy. 42 Wen I don bring una kom back to Israel; di land wey I promise
una grand-grand papa, den una go know sey na mi bi God. 43 Den una go
remember all di yeye tins wey una do and di bad ones wey una do with
una body. Una go vex for unasef, bikos of all di bad tins wey una bin do.
44 Dat time, bikos of who I bi, I nor go ponish una as e suppose bi, den una
wey bi Israel pipol go know sey na mi bi God.”

God wey get pawa don tok.

### *Fire*

45 God tell mi: 46 “Man pikin, look di sout-side for di kountry. Tok against
di sout-side and en forest. 47 Tell di forest for sout sey make e hear wetin
God dey tok: Look! I won start fire wey go burn all di tree wey dey inside
yu; weda dem fresh or dry. Nor-tin go fit kwensh di fire. Di fire go from
sout go nort and evribody go feel as di fire hot rish. 48 All of dem go si sey
na mi wey bi God start di fire and nobody go fit off am.”
49 But I tell God, “Oga God wey get pawa, nor let mi do like dis, bikos di
pipol don already dey komplain sey dem nor undastand wetin I dey tok.”

## 21

### *Judgement Swod*

1 God tell mi: 2 “Man pikin, make yu prish against di temple for
Jerusalem, where pipol dey go woship. Warn Israel pipol 3 sey mi wey

bi God sey, 'I bi dia enemy. I go kill all of dem with my swod, both bad
and good pipol. 4 I go kill both good and wiked pipol! I go use my swod
take kut and kill pipol from nort go rish sout. 5 Den evribody for di world
go know sey, mi wey bi God don draw my swod kom out and nor-tin go
let mi put am back.'

6 "So man pikin, make yu kry well-well, bikos dem don break yor heart.
Cry with pain for where evribody go for si yu. 7 If dem ask yu sey wetin
make yu dey kry, make yu tell dem sey, na bikos of di news wey dey kom.
Wen di news kom, fear go katch dem well-well; dia hand nor go fit move,
dia mind go fail dem and dia leg go dey shake. Di time don kom and na
naw."

God wey get pawa don tok.

8 God tell mi sey: 9 "Man pikin, tell di pipol wetin mi wey bi God dey
tok:

10 "I dey sharp and klean swod
to take kill pipol.
I polish am and e dey shine
like tonda lite.

"Make my pipol dey happy? No! Dem nor fit, bikos dem don rijet all di warnin wey I give dem.

11 "I don polish my swod,
bikos I won use am take kill.
I go gi-am to di pesin
wey go kill pipol.
12 So man pikin,
make yu kry well-well,
bikos I sharp dis swod to take kill my pipol
and all di leaders for Israel.
Dem go kill evribody,
so make yu nak yor lap,
bikos of dia pain.

13 "I dey test my pipol and if dem nor gri turn from sin kom meet mi, all dis tins go happen to dem.

14 "So make yu profesai
and klap yor hands togeda.
Di swod go attack
and kill pipol again and again.
E go kill my pipol well-well.
15 E dey make my pipol heart melt
and doz wey go die go many well-well.
My swod dey wait for all di gates,
e dey shine well-well
and e dey ready to kill.
16 Di swod go kut from rite and left!
E go kut anytin wey e si.
17 Den, mi too go klap my hand
and I nor go vex again.

Mi, wey bi God, don tok."

### *Babilon King Swod*

18 God kon tell mi: 19 "Man pikin, choose two road where Babilon king
go pass kom with en swod. Di two road must start from di same kountry.

Do sign post make yu put am for where di roads for start kon enter di
kountry. 20 One road go show di king where e go pass rish Ammon town
for Rabbah and di oda one go show am Judah road; di strong town wey
dey Jerusalem. 21 Babilon king go stand near di sign post for where di road
for start. E go shake di arrow, ask en juju kweshon kon shake di animal
liver wey dem sakrifice, so dat e go know where e dey go. 22 Di arrow
wey mark 'Jerusalem' dey for en rite hand! E go-go gada rams kon ready
for war. Some ram go dey di gate and dem go build betta wall kon dig
many whole. 23 Jerusalem pipol nor go bilive wetin dey happen, bikos of
di agriment wey dem make. But na to make dem remember dia sins and
to warn dem sey dem go katch dem go prison."

24 So, dis na wetin mi God wey get pawa dey tok. "I don si una sins and
evribody don know how una bad rish. Una sins dey show for evritin wey
una dey do. Naw, God go kondemn and give una to una enemies. 25 Una
wey bi wiked and bad leaders for Israel! Di day wey God go ponish una,
dey kom."

26 Mi, God wey get pawa, don tok.

"So, make una remove una crown
and di fine skaf wey una tie for head.
Una life nor go bi as e bi before.
I go honor doz wey dey honbol
kon disgrace doz wey dem bi dey honor!
27 I go skata una finish!
Yes, I go skata una.
I go skata di town finish.
But dis one nor go happen
until di pesin wey I choose kom;
di pesin wey I choose
sey make e skata di town.
Na en I go give dis tin to."

### *Di Swod And Ammon Pipol*

28 "Man pikin, make yu profesai. Tell dem wetin mi God wey get pawa
dey tell Ammon pipol wey dey curse Israel. Tell dem sey:

" 'One swod dey ready to skata;
swod wey dem polish to kill
and e dey shine like tonda lite.
29 Di vishons wey una si nor bi true
and wetin una sey go happen, na lie.
Una dey evil and wiked well-well
and una day dey kom;
di day wey God go ponish una,
den di swod go kut una neck komot.
30 So, make una karry una swod go back
to where una from bring am,
bikos I go judge una for
where dem for kreate una.
31 Una go feel my vexnashon like hot fire.
And I go give una to wiked men
wey sabi distroy tins.
32 Dem go distroy una with fire.
Una blood go flow for una own kountry

and nobody go remember una again.' "

God wey get pawa don tok.

# 22

*Jerusalem Sins*

1 God kon tell mi: 2 "Man pikin, yu don ready to judge di town wey dead
body full? Tell dem all di bad-bad tins wey dem do. 3 Tell di town wetin
mi God wey get pawa dey tok: Bikos una don kill many of una own pipol
kon make unasef dirty as una dey serve juju; I go soon get una time. 4 Una
really kill pipol and na di juju wey una dey serve, dey dirty una. So una
day dey kom and una time go soon end! Na dis make mi allow nashons
and kountries dey laf and fool una. 5 Di kountries wey dey far and di ones
wey dey near, go laf una, bikos una nor konfuse well-well.
6 "All di leaders for Israel trust dia pawa and dem dey kill pipol. 7 Nobody
for di town dey respet dia papa or mama again. Una dey shit strenjas;
wimen wey dia husband don die and shidren wey nor get papa and mama
again. 8 Una nor dey respet di holy place or keep di Sabat holy. 9 Some of
una dey lie for pipol head, so dat dem go kill dem. Some dey chop food wey
dem don sakrifice give juju and some like ashawo life. 10 Some dey sleep
with dia papa wife, while odas dey force and sleep with woman wey dey
si en period. 11 Some dey sleep with pipol wife or husband and odas dey
sleep with dia pikin wife or dia half sistas. 12 Some of una dey kill pipol,
bikos of money. Some dey put intrest for di money wey dem borrow dia
kountry man and dem dey get plenty gain thru dat one. Dem don forget
mi."

Dis na wetin God wey get pawa tok.

13 "Si, I dey klap my hand as una dey tif and kill. 14 Wen I don finish
with una, una tink sey una go get strent or pawa to karry una hand? Mi
God don tok and I go do wetin I tok. 15 I go skata una go difren kountries
and I go stop all dis bad tins wey una dey do. 16 So di oda nashons nor go
respet una and una go know sey na mi bi God."

*God Fire Burn*

17 God tell mi: 18 "Man pikin, Israel pipol nor dey yuzful to mi. Dem bi
like iron, milk cup and sometin wey dem use remain. 19 Mi God wey get
pawa dey sey, dem dey yuzles like di yeye tin wey dey kom out from iron
afta dem don melt am. So, I go gada all of dem kom Jerusalem. 20 Just
as dem dey put silva, koppa, iron, lead and milk cup for fire wey go melt
dem, na so too I go vex gada una put for hot fire. 21 Yes! I go gada dem
for Jerusalem kon put fire under where dem dey, den melt dem with my
vexnashon. 22 Just as silva dey melt for fire, na so too dem go melt for
Jerusalem, den dem go know and feel my vexnashon."

*Israel Leaders Sin*

23 God tell mi again sey: 24 "Man pikin, tell Israel pipol sey dia land dey
dry and rain nor go fall, bikos I dey vex. 25 Dia leaders bi like lion wey
dey happy for di animal wey e kill. Dem kill pipol, take all dia money
kon kollect di propaty wey dem fit kollect and naw, many wimen nor get
husband again, bikos of dis tin wey dem do so. 26 Di priests break my law
and dem nor dey respet anytin wey dey holy. Dem nor know wetin dey

holy or not. Dem forget di Sabat; dem nor dey tish about wetin dey klean
again. So bikos of dis, Israel pipol nor dey gri respet mi again. 27 Pipol
wey dey rule bi like wolf wey tear animal into too. Dem dey kill pipol, so
dat dem go get money. 28 Dia profets hide dis tins like wall wey dem kover
with paint. Dem dey si wrong vishon and wetin dem sey go happen, na
lie. Dem dey sey na God word dem dey tok, but mi God, nor tok to dem.
29 Doz wey get money dey shit and tif from oda pipol. Dem dey ponish
poor pipol and dey kollect strenjas propaty.

30 "I fine pesin wey fit build di wall; pesin wey fit stand for where di
wall for fall kon tok for di town wen my vexnashon won distroy am, but
I nor si anybody. 31 So, I go pour my vexnashon for dia head kon distroy
dem with fire, bikos of di bad tins wey dem do."

God wey get pawa don tok.

# 23

*Two Sistas*

1 God tell mi: 2 "Man pikin, e get two sistas like dat. 3 Wen dem dey yong
for Egypt, dem kon stay to do ashawo. 4 Di senior one name na Oholah
(wey bi Samaria) while di yonga one na Oholibah (wey bi Jerusalem). I
marry dem two and dem born shidren for mi. 5 Even doh e bi my wife,
Oholah still dey do ashawo and e dey run follow Assyria sojas 6 wey wear
purpol uniform; pipol wey dem dey respet, honor and wey fine well-well.
7 Na Oholah all di ofisas for Assyria dey sleep with, so e kon dirty ensef
as e dey woship Assyria juju. 8 E still dey do ashawo and na from Egypt
e for start to sleep with difren pipol. Na since e yong, men don dey sleep
with am and dem dey trit am like ashawo. 9 So I kon gi-am to Assyria
pipol wey e love well-well. 10 Dem naked am kon take en shidren komot
en hand, den dem kill-am with dia swod. E kon turn who nor get shidren
again and dem dey ponish am for evriwhere for di world. 11 Even doh en
sista Oholibah si wetin happen, en own ashawo kon strong well-well pass
Oholah own. 12 En too love Assyria ofisas; di sojas wey wear fine uniform
and e even love di main ofisas and all di men wey fine. 13 I si sey e bad
well-well. Dat is, di sekond sista kon dey do like di first one. 14 Dis one
ashawo kon worse well-well. E even won sleep with di ofisas image wey
dem karve for wall wey bi; Kaldea image wey dem karve; paint with red
15 kon tie belt for en waist with fine priest kap for en head. 16 As e just
si dia image, e love dem kon send messenjas go meet and koll dem kom
from Babilon. 17 Babilon pipol kom sleep with am. Dem use am anyhow
kon make am dirty sotey e kon taya for dem. 18 E naked kom out kon let
evribody know sey e bi ashawo. I vex for am, just as I vex for en sista.
19 En own ashawo dey worse evriday; e dey do tins wey e dey do since wen
e start ashawo work for Egypt. 20 Just like donkey or horse, na so too e
nor dey fit kontrol ensef wons e si man wey fine well-well. 21 Oholibah, yu
won still do di ashawo wey yu do for Egypt wen yu bi small girl? Where
men for dey play with yor breast and sleep with yu.

*God Judge Di Yonga Sista*

22 "Naw, Oholibah, dis na wetin God wey get pawa dey tell yu. Yu don
taya for yor lovers, but I go make dem vex and gada round yu. 23 All di
men for Babilon and Kaldea, I go bring dem kom from Pekod, Shoa, Koa

and Assyria. I go gada doz fine men togeda. 24 Dem go attack yu from nort
with many sojas and shariot. Dem wear shield and helmet for head and
dem go gada round yu. I go give yu to dem and dem go judge yu with dia
own law. 25 Bikos I dey vex for yu, I go let dem ponish yu as dem dey vex.
Dem go kut yor nose and ear komot and dem go kill yor shidren. Yes! Dem
go take yor shidren from yor hand kon burn dem alive. 26 Dem go tear
yor klot kon take all yor gold. 27 I go stop yor yeye life and all di nonsense
wey yu don do since wen yu bi small girl for Egypt. Yu nor go look anytin
wey bi like juju again or tink about Egypt."

28 Dis na wetin God wey get pawa dey tok: "I go give yu to pipol wey
yu hate well-well. 29 Bikos dem hate yu, dem go take evritin wey yu don
work for and yu nor go get anytin again; yu go dey naked like ashawo. Na
yor yeye and ashawo life 30 make all dis tins dey happen to yu. Yu bi dia
ashawo and yu don spoil yor body with dia juju. 31 Yu dey do as yor sista
dey do and I go give yu dis ponishment cup wey I give yor sista make e
drink from."

32 God wey get pawa sey, "Yu go drink from yor sista cup; e dey big and
deep. Evribody go laf yu well-well, bikos yor cup don full. 33 Di cup go
make life taya yu and yu go bi like man wey don drink well-well. Dis cup
get fear; wahala full am and na yor sista, Samaria, get am. 34 Yu go drink
am dry, break am to pieces kon use am take tear yor breast."

Mi, God wey get pawa, don tok.

35 Naw, dis na wetin God wey get pawa dey tok: "Bikos yu forget and
turn from mi, yu go sofa for yor ashawo life."

### *God Judge Di Two Sistas*

36 God tell mi, "Man pikin, yu dey ready to judge Oholah and Oholibah?
Judge dem for di yeye life wey dem live. 37 Dem sleep with pipol husband
kon kill many pipol. Dem sleep with juju kon kill di boys wey dem born
for mi. Dem sakrifice my shidren give juju. 38 Since dat one nor rish dem,
dem dirty my temple kon skata di Sabat wey I make holy. 39 Di day wey
dem sakrifice my shidren give juju, na dat day dem still dirty my temple!
40 Evritime, dem go send pipol go invite men kom from far. Di two sistas
go baf kon take difren tins with gold take design dia face. 41 Dem go sidan
for betta chair and for dia front, fine-fine tins like incense and olive oil
wey I give dem, dey di tabol. 42 Pipol wey nor kare dey der dey shaut and
na wildaness dem from bring dis pipol. Dem put shain for di wimen hand
kon wear betta crown for dia head. 43 Den I tok about dis ashawo woman
sey, 'Dem go sleep with am naw.' 44 Dem dey sleep with am just as dem
dey sleep with ashawo. Like dis, dem don sleep with Oholah and Oholibah
wey bi ashawo. 45 Pipol wey dey do good go ponish dem, bikos dem kill
and sleep with pipol and di pipol blood dey dia hand."

46 So, dis na wetin God wey get pawa dey tok: "Make yu bring pipol wey
go give dem wahala and tif from dem. 47 Make dem stone and attack dem
with swods; kill dia shidren kon burn dia house rish groun. 48 I go stop all
dis yeye life for dis land and e go bi warnin to wimen sey, make dem nor
sleep with who nor bi dia husband, bikos dis na wetin dem dey do. 49 But
for dis two sistas; I go ponish dem for dia ashawo life and di juju wey dem
dey serve. Den una go know sey na mi bi God wey get pawa."

# 24

*Di Pot*

1 Nine years afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon as
prisonas, for di tent day for di tent mont, God kon tell mi sey: 2 "Man pikin,
make yu rite today date for groun, bikos Babilon king go seize Jerusalem.
3 Make yu go tell my sturbon pipol dis parabol wey mi, God get for dem:
"Make una put di pot for fire
kon pour wota full am.
4 Put di betta part for di meat inside:
di shoulder, di legs and di difren parts.
5 Na di sheep wey fine pass,
una go kook.
Make una pak wood under di pot
make di wota for kwik boil;
den una go boil di bone
and di meat well-well."
6 Dis na wetin God wey get pawa dey tok:
"Di town where dem for dey kill pipol,
curse dey una head!
E bi like dirty pot wey dem nor fit wosh klean.
Dem dey remove di meat one-by-one
and nor-tin remain inside.
7 Di pipol wey e kill,
na dia blood dey di town.
Di pipol blood nor tosh groun
where san go for fit kover am.
Instead, di blood stain di rock.
8 I don leave di blood for der;
di place where dem nor go for fit hide am
and e dey make mi vex more-more
as e dey kry for revensh."
9 Dis na wetin God wey get pawa dey tok,
"Di town where dem for dey kill pipol,
curse dey una head!
Na mi go gada di wood by mysef.
10 So make una still bring wood kom!
Blow di fire! Kook di meat!
Boil am well-well.
Yes! Make dem burn di bones finish.
11 Naw, put di empty pot on-top di shako,
den leave am make e red well-well.
Den di pot go dey klean again
afta fire don burn di yeye tins
wey dey inside komot.
12 But all dis yeye tins nor go vanish
komot like dat.
13 Jerusalem pipol!
Una yeye life don make una dirty,
even doh I try make una dey klean,
una still dirty.
Una nor go dey klean again

until my vexnashon don fall
on-top una with full force.
14 "Mi God don tok. Di time don rish for mi to do wetin I won do. I nor go let una sin finish kon go like dat or sorry for una. I go ponish una for wetin una don do."

God wey get pawa don tok.

*Di Profet Wife Die*

15 God tell mi. 16 "Man pikin, na one blow I go take kill di pesin wey yu
love pass. Make yu nor tok or kry. 17 Nor let pipol hear yu kry. Nor skrape yu head or waka with ordinary leg like sey yu dey mourn. Nor kover yor face or chop di kind food wey pipol wey dey mourn dey chop."
18 So for early morning, I tok to di pipol. But my wife die for evening
and di next day I kon do as God tell mi. 19 Pipol kon dey ask mi, "Wetin
make yu dey bihave like dis?"
20 I ansa dem, "God sey make 21 I tell Israel pipol dis message: 'Una dey happy, bikos of una temple. Una like to dey look and go der, but I go distroy am and di small-small pipol wey una get for Jerusalem go die for
war.' 22 Den una go do wetin I don do so. Una nor go kover una face or
chop food wey pipol wey dey mourn dey chop. 23 Una nor go skrape una head or waka with ordinary leg like pipol wey dey mourn. Bikos of una
sins, una go die anyhow kon dey komplain give each oda. 24 Ezekiel go bi ezample to una; una go do evritin wey I don do. God sey wen all dis tins happen, una go know sey na-im bi Oga God."
25 God kon sey, "Man pikin, I go remove di strong temple wey bi dia joy and pride. Di temple wey dem dey like to look and visit. I go still take dia shidren komot dia hand. 26 For di day wey I go do wetin I tell yu so,
pesin wey go eskape di wahala go kom tell yu di news. 27 Dat same day,
yor mout go open and yu go fit tok again. Yu go tok to di pesin wey eskape kom and dis go bi sign to di pipol, den dem go know sey na mi bi God."

# 25

*Profesy Against Ammon*

1 Dis na wetin God tell mi: 2 "Man pikin, turn face Ammon kon tok
against en pipol. 3 Tell dem sey make dem listin to wetin mi God wey get pawa dey tok: Una dey dance wen dem kill my pipol, distroy my temple and karry my pipol go Babilon as prisonas. 4 Bikos una dey happy, I go let di tribe from east win una for war. Dem go build dia kamp for una kountry kon stay for der. Di food and milk wey suppose bi una own, dem
go chop and drink dem. 5 I go turn Rabbah to where dem go dey keep kamel put and evriwhere for Ammon go bi where dem dey keep sheep,
den una go know sey, na mi bi God. 6 Dis na wetin God wey get pawa dey tok: Una klap una hand kon dey jump with happiness and dey curse Israel
land. 7 So, bikos una dey curse am, I go give una to anoda kountry wey go tif and skata una. I go distroy una finish, den una go know sey na mi bi God."

*Profesy Against Moab*

8 God wey get pawa sey: "Bikos Moab pipol sey Judah bi like di oda
kountries, 9 I go let dem attack di towns wey dey near Moab, plus di towns wey fine pass for Moab wey bi: Bet-Jeshimot, Baal Baal-Meon and

Kiriataim. 10 I go let di east tribe for wildaness win Moab and Ammon
pipol for war, den Moab nor go bi kountry again. 11 I go ponish Moab
pipol and dem go know sey na mi bi God."

### *Profesy Against Edom*

12 God wey get pawa sey, "Edom pipol revensh Judah well-well and dat
revensh don make Edom pipol sin. 13 Naw, I don tok sey I go ponish Edom
kon kill evribody with dia animals for der. I go distroy dia land from
Teman town go rish Dedan town and di pipol go die for war. 14 My pipol
Israel go revensh Edom and dem go let Edom pipol feel how my vexnashon
strong rish. Den Edom pipol go know wetin e mean to take revensh."
God wey get pawa don tok.

### *Profesy Against Filistia*

15 God wey get pawa sey, "Filistia pipol don revensh and kill Judah pipol
well-well, bikos dem hate Judah. 16 But naw, I dey sey I go attack Filistia
pipol kon kill all of dem. I go kill evribody wey dey Filistia and nobody
go remain. 17 I go ponish and revensh dem. Dem go feel as I dey vex rish.
Den dem go know sey na mi bi God."

# 26

### *Profesy Against Tyre*

1 For di elevent years afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon
as prisonas, for di first day for di mont, God kon tell mi: 2 "Man pikin, dis
na wetin Tyre pipol dey tok about Jerusalem. Dem sey, 'E get pawa before
bikos of en money, but naw wey di town don skata, wi go get plenty money
kon strong pass am!' 3 Naw, dis na wetin mi God wey get pawa dey tok:
Tyre town, I bi una enemy and I go bring many kountries kon fight una
and dem go kom like wave for sea. 4 Dem go distroy una town wall kon
tear una towa. Den I go swip all di san-san komot der kon leave only di
rock. 5 Pipol wey dey katch fish go dey sun dia net near di sea for der. Mi
God don tok and dem go distroy Tyre 6 kon kill pipol wey dey inside di
town with swod, den Tyre go know sey na mi bi God."

7 God wey get pawa sey, "Make una listin, I go bring King Nebukadnezzar
kom from Babilon, e strong pass evry oda king and e go attack Tyre. E go
kom from nort with many sojas and shariot. 8 E go distroy una land, den
e go attack una kon build wall round una town. 9 E go skata una wall kon
break una towa with iron bar. 10 Di dust wey en horse dey kause go kover
una. Di shariot nois go shake una wall as dem dey pass una town wey
don skata. 11 Di pipol wey dey ride di horse go skata una street kon kill
una pipol with swod and dem go break una strong pila rish groun. 12 Una
enemies go kollect una money with evritin wey una get. Dem go break
una wall kon skata all di house wey una build with betta money. Dem go
take di fine stones, wood, rubi and evritin, den kon trow dem inside sea.
13 I go stop all una song and di music wey una harp dey play. 14 I go leave
only one small rock, so dat doz wey dey katch fish go dey sun dia net for
der. Dem nor go build di town again.
Mi, wey bi God, don tok."

15 Oga God tok to Tyre town sey: "Wen dem dey win una, doz wey dey
stay near di river go dey fear, bikos of pipol blood wey go dey flow pass.

16 All di kings for di kountries wey dey near river go kom down from dia
throne. Dem go pul dia crown and fine-fine klot komot body kon sidan for
groun dey fear bikos of how dem dey distroy una town. 17 Dem go sing
sorrowful song for una sey:
“ ‘Di town wey evribody know,
don skata!
Na en ship bin full di sea before,
en pipol bin dey rule di sea
and dey make evribody fear.
18 Naw, for di day wen e fall,
di land for di sea centre go fall too
and di pipol go fear,
bikos of how e take skata.’ ”
19 God wey get pawa sey: “I go make di town empty and nobody go stay
der again. I go kover di town with wota from river. 20 I go take am go
where dead body dey. I go make una stay for dat undagroun wey empty
and na dead body go bi una friend. Bikos of dis, una nor go ever kom out
or stay with pipol wey dey alive again. 21 I go use una as ezample wey go
make pipol fear and dat go bi una end. Even if pipol find una, dem nor go
ever si una again.”

God wey get pawa don tok.

# 27

*Sorrowful Song For Tyre*

1 God sey, 2 “Man pikin, make yu sing sorrowful song for Tyre pipol; 3 di
town wey dey near sea where dem for dey do business with pipol from
difren place. Go tell dem wetin God wey get pawa dey tok:
“Tyre pipol, una dey make mout
sey una fine.
4 Wota surround una house
and di pipol wey build una,
build una like fine ship.
5 Dem use wood from Mount Hermon
take build di ship
kon use cedar from Lebanon
take do en pole.
6 Dem use oak tree from Bashan
take do di padol
kon make di chair with wood from Cyprus,
den kover am with ivory.
7 Na linen dem take make di sail;
betta linen wey dem bring from Egypt
and na from far yu go know,
wons yu si am.
Purpol klot wey fine pass for Cyprus,
na-im dem take kover di window.
8 Di men wey dey padol una kanoe,
na from Sidon
and Arvad dem from kom.
Na una men wey sabi work

dey drive una ship.
9 Di karpenters na men
wey dem train well-well for Gebal.
All di drivers from di ship where dey pass,
dey do business with una.
10 Na men from Persia, Lydia and Libya
bi una sojas.
Dem dey keep dia shield and kap
for una barrak.
Na dem dey win war for una pipol.
11 Sojas from Arvad join
dey guide una wall
and na men from Gamad
dey guide una towa.
Dem dey sun dia shield for una wall
and na dem make una fine so.

12 "Una do business for Spain kon use silva, gold, iron, tin and lead take
pay for evritin wey una buy. 13 Una do business for Greece, Tubal and
Meshak kon sell una goods to get slaves and to kollect tins wey dem make
with bronze. 14 Togarmah dey use dia horse and animals take buy tins
from una hand. 15 Rhodes pipol dey buy and sell with una; many pipol
wey dey stay near sea dey give una ivory and eboni wood, so dat una
go give dem some of wetin una get. 16 Aram pipol dey buy una goods.
Dem give una emeralds, purpol klot, fine tins and linen, koral and rubis,
so dat una go give dem some of una goods. 17 Judah and Israel pipol dey
buy goods from una with wheat, honey, olive oil and spices. 18 Damaskus
pipol dey buy una goods kon pay with wine from Helbon 19 and wool from
Zahar. Vedan and Javan pipol dey give una iron and spices, so dat una go
give dem some from wetin una get. 20 Dedan pipol dey give una klot wey
dem dey put on-top horse, so dat una go give dem una goods. 21 Arab pipol
and di rulers for Kedar dey give una lamb, sheep and goat just to get una
goods. 22 Bikos of di tins wey una get, Sheba and Rama pipol dey give una
jewels, gold and di spice wey fine pass. 23 Haran, Kanneh and Eden town;
di sojas for Sheba, Asshur and Kilmad town; all of dem dey buy and sell
with una. 24 Dem dey give una fine klot, purpol klot, fine gown, karpet
wey dey shine and strong ropes. 25 Na big ship dem take dey karry una
goods.

"Una bi like ship for sea
wey dem pak heavy load put.
26 But wen di men wey dey padol una ship,
padol am rish di river centre,
one wind from east go kom sink di ship.
27 Una with una many goods, drivers,
ship karpenter and sojas,
go die inside di sea
wen di ship don sink.
28 Di pipol vois go loud well-well
wen dem dey shaut,
bikos na die dem dey.
29 Evribody wey dey drive di ship,

go swim leave am.
Di drivers and evribody go swim
go stand for groun.
30 All of dem go kry well-well for una,
dem go pak dust for head
kon roll for ashes.
31 Dem go skrape dia hair for una
kon wear sak klot.
Dia heart go bitter as dem dey kry.
32 Dem go sing dis sorrowful song for una:
‘Any town dey wey bi like Tyre?
Naw e don die for sea!
33 Wen en men enter sea go,
dem dey give evry kountry wetin dem wont.
Kings get money,
bikos of di tins wey Tyre sell give dem.
34 Naw una don sink for sea.
Una dey di sea bottom.
Una goods and all una workers
don vanish with una.’
35 Evribody wey dey stay near di sea,
shok wen dem hear wetin happen to una.
Even dia kings dey fear
and e dey show for dia face.
36 Pipol wey dey sell and buy tins from oda nashons,
dey hiss for una; una own don finish
and una nor dey again.”

# 28

*Profesy Against Tyre King*

1 God tell mi. 2 “Man pikin, go tell Tyre king wetin mi God wey get pawa
dey tell am:
“Yu dey proud and yu dey sey
yu bi god wey sidan for throne
and sea dey round yu.
Yu fit pritend sey yu bi god,
but make yu know sey na human being yu bi
and nor bi wetin yu tink.
3 Si, yu tink sey yu wise pass Daniel
and nobody fit hide anytin from yu?
4 Yor wisdom and wetin yu know,
don make yu get money, gold and silva.
5 Yu do betta business
kon get plenty gain and naw,
yu dey make mout kon dey karry body up,
bikos of yor money!
6 “Naw, dis na wetin mi God wey get pawa dey tok:
“ ‘Bikos yu tink sey yu dey wise as god,
7 I go bring enemies kom attack yu.
Dem go distroy yu and all di fine-fine tins
wey yu don use yor wisdom take get,

go skata.
8 Dem go beri yu for pit and yu go die
yeye deat for inside sea.
9 Wen dem dey kom kill yu,
yu go still tok sey yu bi god?
By di time yu go si di pipol wey won kill yu,
yu go know sey yu nor bi god,
but na ordinary human being yu bi.
10 Yu go die like dog for strenjas hand.
Mi, wey bi God, don tok.' "

### *Tyre King Die*

11 God tell mi again sey, 12 "Man pikin, kry for wetin won happen to Tyre
king. Tell am wetin mi God wey get pawa dey tok:
"Yu bi betta ezample to pipol before.
Yes! Yu bin fine well-well and get sense.
13 Yu dey stay for Eden,
God gardin.
Dem kover yu with fine stones
like rubis, diamonds, topaz, beryl,
karnelian, jasper, safayas,
emeralds and turkwoise.
Na gold dem take make evritin about yu
and dem make all dis tins for yu
for di day wey God kreate yu.
14 I put one angel wey pipol dey fear,
make e guide yu.
Yu dey stay for my mountin wey dey holy
and dey waka for stones wey dey inside fire.
15 Wen God first kreate yu,
yu bin dey bihave well,
until yu kon start to do bad tins.
16 Yu just dey busy dey buy and sell
and dis tins kon make yu dey misbihave
and kommit sin.
So I ask yu make yu komot from my mountin
wey dey holy
and di angel wey dey guide yu,
porshu yu komot from di stone
wey dey inside fire.
17 Bikos yu fine, yu kon dey karry body up
and dey bihave like fool.
Na dis make mi skata yu for groun
as warnin to all di oda kings.
18 As yu dey buy and sell,
na so too yu dey do bad tins
and naw, where una for dey woship God,
nor dey klean again.
So, I vex set fire for di town
kon burn am rish groun.
Evribody don si
sey yu don turn to ashes.

19 Naw, fear dey katch all di kountries
wey bin dey kom meet yu,
bikos yor end don rish."

*Tok Against Sidon*

20 God tell mi: 21 "Man pikin, make yu tok against Sidon town. 22 Tell di
pipol for der wetin mi God wey get pawa dey tell dem:
"Sidon pipol, I bi una enemy
and pipol go praiz mi,
bikos of wetin I go do una.
Dem go know sey na mi bi God
wen I don show as I holy rish
and afta I ponish evribody wey dey stay Sidon.
23 I go send diziz kom meet una
and una blood go flow for una street.
Pipol go attack una from evry korna
and una go die finish.
Den una go know sey na mi bi God."

*God Go Bless Israel*

24 God sey, "Di kountries wey surround and dey fight Israel pipol before,
nor go fight dem again. Dat time dem go know sey na mi bi God wey get
pawa."
25 God wey get pawa sey, "I go bring Israel pipol kom back from di
kountries wey I skata dem go, den all di kountries go know sey I dey holy.
Israel pipol go stay for dia own land. Di land wey I give my savant Jakob.
26 Israel pipol go dey save as dem dey stay der. Dem go build house kon
plant vine for der again, den I go ponish all dia neighbour wey ponish dem
before. Den dem go know sey na mi bi God."

# 29

*Profesy Against Egypt*

1 Ten years afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon as prisonas,
for di twelft day for di tent mont, God kon tell mi: 2 "Man pikin, make yu
go tok against Egypt king. Tell am how I go take ponish both en and en
pipol. 3 Tell am sey dis na wetin God wey get pawa dey tok:
"Yu wey bi juju for wota,
I bi yor enemy naw.
Yu sey na yu get and kreate Nile River abi?
4 I go hook yor jaw
and fish for river go whole yu tit.
Den, I go drag yu komot from Nile River
with all di fish wey dey yor mout.
5 I go trow yu and all di fish
inside desert.
Yu go die for der
and nobody go beri yu.
Den I go give yor body to bird
and animals make dem chop.
6 Dat time, all di pipol for Egypt go know
sey na mi bi God.
Aldo Israel pipol bilive

sey Egypt pipol go kom help and fight for dem,
but di trut bi sey,
Egypt pipol na soft plant
wey dey grow for wota.
7 Dem whole yu with dia hand,
but yu break kon skata dia hand;
wen dem won rest on-top yu,
yu break dia back
and dem nor fit stand again.

8 “Naw, mi God wey get pawa dey tell una sey, I go allow pipol kom
attack una with swod and dem go kill una with una animals. 9 Egypt go
turn to where nobody dey stay. Den una go know sey na mi bi God. Bikos
yu sey na yu get Nile River, 10 I don turn both yu and di river enemy. I
go make evriwhere for Egypt empty and nobody go dey der again. From
Migdol town for nort go rish Aswan town for sout till e rish Sudan borda,
11 human being or animal nor go waka pass der again and for forty years,
nor-tin go stay for der. 12 I go make sure sey na Egypt land empty pass for
di world. For forty years, Egypt towns go skata. Yes! E go skata pass any
oda place. I go make Egypt pipol bi strenjas and dem go dey look for where
dem go stay. Dem go run go difren kountries kon stay with strenjas.”

13 God kon sey, “Afta forty years, I go bring Egypt pipol kom back from
di kountries where I skata dem go 14 kon let dem stay for Egypt sout wey bi
dia original house. For der, dem go bi pipol wey nor get pawa; 15 kountry
wey weak pass and dem nor go ever fit rule any kountry again. I go make
sure sey dem nor dey important and dem nor go fit make any kountry do
wetin dem wont. 16 Israel pipol nor go ever go meet dem for help again.
Bikos of wetin go happen to Egypt, Israel pipol go kon know sey, e nor
even dey rite to go Egypt for help. Den Israel pipol go know sey na mi bi
God wey get pawa.”

### *King Nebukadnezzar Win Egypt*

17 Twenty-seven years afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon
as prisonas, for di first day for di first mont, God kon tell mi: 18 “Man
pikin, Nebukadnezzar wey bi Babilon king dey go attack Tyre. E sey make
en sojas karry heavy load and na dis make di hair for dia head fall komot
and dia shoulder peel. But even with all dis hard work, di king and en
sojas nor get any reward. 19 So, dis na wetin mi God wey get pawa dey
tok: I dey give Egypt land to King Nebukadnezzar. E go skata Egypt kon
karry all di money wey Egypt take dey pay en sojas, go. 20 I dey give Egypt
as payment for di work wey e do, bikos en sojas dey work for mi.”

Mi, God wey get pawa, don tok.

21 “Wen dis tins happen, I go make Israel pipol strong and yu, Ezekiel,
go tok for where evribody go hear yu, so dat dem go know sey na mi bi
God.”

# 30

### *God Go Ponish Egypt*

1 God kon tell mi again, 2 “Man pikin, go tell Egypt pipol wetin mi God
wey get pawa dey tok.
“Make yu shaut tok dis word sey:

'Wahala day dey kom!'
3 Di day wen God go take akshon,
don near.
For dat day, darkness and trobol
go full di kountry.
4 War go dey for Egypt
and strong wahala go dey for Sudan.
Dem go kill many pipol for Egypt.
Di kountry go skata
and e go dey empty.
5 "All di sojas wey dem hire kom from Sudan, Libya, Lydia, Arabia, Put
and even from among my own pipol, go die for dat war." 6 God sey,
"From Migdol town for nort
go rish Aswan town for sout,
evribody wey dey guide Egypt,
go die finish for di war.
Di sojas wey dey make Egypt proud,
dem go distroy all of dem."
Mi, God wey get pawa, don tok.
7 "Na di land go empty pass for di world
and en towns go skata finish.
8 Wen I don put fire for Egypt
and all di sojas wey dey guide am
don die finish,
den dem go know sey na mi bi God.
9 "For dat same day afta I don distroy Egypt finish, I go send messenjas
for ship go tell Ethiopia pipol sey wahala dey kom. Dem dey tink sey dem
dey save, but naw, fear go katch dem."
10 God wey get pawa sey,
"I go use Babilon king, Nebukadnezzar
take kollect evritin wey Egypt get.
11 En and en wiked sojas go kom
skata di land.
Dem go attack Egypt with swod and
na dead body go full di land.
12 I go turn River Nile to dry land
kon make wiked pipol rule Egypt.
Yes! Strenjas go skata di whole town.
Mi, wey bi God, don tok."
13 God wey get pawa sey,
"I go distroy and skata di juju
wey dey Memfis.
Nobody go ever rule Egypt again
and I go make all di pipol fear.
14 I go make di sout-side for Egypt empty
kon put fire for Zoan town wey dey di nort.
I go ponish Tebes wey bi di main town.
15 Pelusium, Egypt town wey get all dia betta tins,
I go make am feel as I dey vex rish.
I go distroy di money wey Tebes town get.
16 I go burn Egypt town

and evribody for Pelusium go dey kry with pain.
I go break Tebes wall rish groun
kon kover di town with wota.
17 Di yong men wey dey On and Pi-Beset town
go die for war
and dem go katch and karry
di rest pipol go prison.
18 Darkness go kover Tahpanhes town
wen I break and end di pawa
wey Egypt get,
wey make dem dey make mout
and karry body up.
Kloud go kover Egypt
and all di pipol wey dey inside.
Den sojas go katch and karry
all of dem go prison.
19 Wen I don ponish Egypt like dis,
dem go know sey na mi bi God."

### *Egypt King Pawa Break*

20 For di elevent year afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon
as prisonas, for di sevent day for di first mont, God kon tell mi sey: 21 "Man
pikin, I don break Egypt king hand. Nobody fit bandage am or do wetin go
make am well or strong again and e nor go fit whole swod again. 22 Naw,
dis na wetin mi God wey get pawa dey tok: 'I bi Egypt pipol enemy. I go
break di king two hand; both di one wey good and di one wey don break
before, den en swod go fall for groun. 23 I go skata Egypt pipol go difren
place for di world. 24 Den I go make Babilon king strong kon put my swod
for en strong hand. But I go break Egypt king hand and e go kry kon die
for en enemies front.' 25 Yes! Na mi make am weak, so dat Babilon king
go strong. Wen I give Babilon king my swod and e point am face Egypt,
evribody go know sey na mi bi God. 26 I go skata Egypt pipol for evriwhere
for di world. Den, dem go know sey na mi bi Oga God."

# 31

### *Egypt Bi Like Cedar Tree*

1 For di elevent year afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon as
prisonas, for di first day for di third mont, God kon tell mi: 2 "Man pikin,
go tell Egypt king and all en pipol sey:
" 'Wetin I feel sey una resemble
bikos una get pawa?
3 Una bi like cedar tree for Lebanon
wey get betta shape,
fine-fine branches
and wey tall rish di kloud.
4 Di tree dey get enough wota
wey go help am grow well-well
and wota dey flow from der
go wota di oda trees for di forest.
5 Bikos dem wota am well-well,
e kon grow and tall pass any oda tree;

en branches long and tick well-well.
6 Difren birds dey build dia house for der
and wild animals dey born for under di tree.
All di kountries for di world
dey rest under en shadow.
7 Make una si as di tree fine rish!
E tall and en branches dey strong
more-more as dem dey grow.
En rut long rish di river bottom.
8 No cedar or tree for God gardin
fine rish am.
No tree don ever get en kind branches before.
9 Na mi make am fine like dat
with big-big branches.
Evry tree for Eden wey bi God gardin,
dey jealous am.
10 " 'Naw, mi wey bi God wey get pawa, go tell yu wetin go happen to
dis tree wey grow rish di kloud. As e dey grow dey tall, na so en pride dey
grow too; 11 so I don rijet am and I go let strenjas rule am. Dem go give
di tree wetin e deserve, bikos of en wikedness. 12 Sojas from one wiked
kountry go kut am down kon leave am der make e die. En branches wey
don break go fall on-top all di mountins and valley for di kountry. All di
kountries wey bin dey stay under am, go run leave am. 13 Birds go land
on-top di tree for groun and wild animals go waka pass en branches. 14 So
from naw go, no matter how dem wota any tree rish, e nor go grow kon
tall rish di kloud again. All of dem must die like man pikin, dem must die
go where dead body dey.' "
15 "Dis na wetin God wey get pawa dey tok: 'Di day wey di tree go die,
I go kover am with wota and pipol go kry for am. I go stop en wota and
river nor go flow again. Bikos di tree don die, I go let darkness kover
Mount Lebanon and all di trees for di forest go dry finish. 16 Wen I send
am go where dead body dey, nois wey e go make wen e fall, go shake di
whole world. All di trees for Eden and di betta wota for Lebanon wey dey
under di world, go happy wen e fall. 17 En friends go follow am die kon go
join doz ones wey don already fall. And all of dem wey dey stay under en
shadow, go skata go evriwhere. 18 Na Egypt king and en pipol bi di tree. E
get any tree for Eden wey tall and fine like una? But naw, like di trees for
Eden, una go die kon join wiked pipol and doz wey dem kill for war.
Dis na wetin Oga God tok.' "

# 32

*Egypt King Bi Like Krokrodie*

1 Twelf years afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon as
prisonas, for di first day for di twelft mont, God kon tell mi. 2 "Man pikin,
go warn Egypt king. Tell am dis message wey I dey give yu:
" 'Yu bi lion among di nashons,
but na ordinary animal yu bi for sea;
Yu dey skata di wota with yor leg
kon make di river dirty.
3 Wen many kountries gada,

na der I go for katch yu with my net
kon drag yu kom dry land.
4 I go trow yu for groun
make all di birds and animals for di world
chop yu finish.
5 I go spread yor rotin flesh
for di mountins and valleys.
6 I go pour yor blood from groun
go rish on-top di mountin
and blood go full di valley.
7 Wen I don distroy yu,
I go kover di sky kon komot di stars.
Di sun go hide for di kloud back
and di moon nor go shine again.
8 I go off all di lite for heaven
kon kover di world with darkness.' "
Mi, God wey get pawa, don tok.
9 "Di kountries wey yu neva hear of before,
wen I tell dem how I take distroy yu,
fear go katch dem.
10 Wetin I do yu go make many kountries dey fear
and dia kings go dey shake with fear
bikos of yor kondishon.
For di day wey yu go fall,
all of dem go dey fear for dia own life."
11 God wey get pawa kon tell Egypt king sey, "Babilon king go kom fight
yu.
12 "I go let sojas from kountries wey get pawa,
kill yor men for war.
Dem go distroy all yor pipol
and evritin wey dey make
yu karry body up.
13 I go distroy all yor animals
near where wota dey
and nobody or animals go disturb di wota again.
14 Den I go make di wota kwayet again
kon make di sea flow like oil."
Mi, God wey get pawa, don tok.
15 "Wen I don make Egypt land empty
and distroy evritin wey dey der,
den una go know sey na mi bi God.
16 Dis warnin wey I dey give dem naw so,
go turn to sorrowful song Leta.
Di wimen go sing di song
as dem dey mourn for Egypt and en pipol."
Mi, God wey get pawa, don tok.

### *Dead Body Place*

17 For di Fifteent day for di first mont for di twelft year, God kon tell mi:
18 "Man pikin, kry for Egypt pipol. Send dem with di oda kountries wey
get pawa go where dead body dey. 19 Tell dem sey, 'Who una tink sey una

fine pass? Una go-go where dead body dey kon follow wiked pipol stay
der.' [20] Egypt pipol go fall with doz wey die for war. Yes! One swod dey
ready to kill all of dem. [21] Pipol wey dey strong for dis life before dem die
and doz wey fight for Egypt before, go welkom Egypt pipol wen dem kom
where dead body dey. Dem go shaut: 'Wiked pipol wey dem kill for war
don kom relax for here!'
[22] "Assyria pipol dey der with all en sojas grave. All of dem die for war
[23] and dia grave dey for where deep pass. All Assyria sojas die for war
and dia grave dey round en grave. But before wen dem dey alive, dem
dey make pipol fear.
[24] "Elam dey der and all en sojas grave dey round am. Dem kill all of
dem for war and dem neva sekonsaiz dem before dem die go where dead
body. Wen dem dey alive, dem dey make wahala, but naw, all of dem don
die with shame. [25] Among doz wey don die, dem make somewhere for
Elam and en pipol. Dem kill all of dem for war and dem neva sekonsaiz
dem before dem die. Wen dem dey alive, dem dey make wahala, but naw,
all of dem don die with shame.
[26] "Meshak and Tubal dey der too and en sojas grave dey round am.
Dem kill all of dem for war and dem neva sekonsaiz dem before dem die.
Wen dem dey alive, dem dey make wahala, but naw, all of dem don die
with shame. [27] Dem nor beri dem as dem bin dey beri pipol wey really
fight and die for dia kountries; pipol wey dem beri with dia swod under
dia head and dia shield for dia body. Dis pipol dey make pipol fear wen
dem dey alive.
[28] "But naw, dem go win una and una go die go join doz dead body wey
dem nor sekonsaiz.
[29] "Edom dey der with en kings and rulers. Dem bi sojas wey get pawa,
but naw, dem don die kon go join doz dead body wey dem nor sekonsaiz.
[30] "All di prince for nort plus Sidon pipol dey der too. Even with all di
pawa wey dey make pipol fear before, dem still die with shame kon go
join doz dead body wey dem nor sekonsaiz."
[31] God wey get pawa sey, "Wen Egypt king and en sojas go si doz wey
dem kill for war, belle go sweet dem small. [32] Aldo, na mi worry Egypt
king wen e dey alive, so en and en sojas go die go join doz dead body wey
dem nor sekonsaiz."

God wey get pawa don tok.

# 33

*Ezekiel Dey Wosh*

[1] God kon tell mi. [2] "Man pikin, go tell yor pipol wetin go happen. Den
tell dem sey: 'If I bring war kom di land and di pipol choose one man wey
go dey wosh for di gate. [3] Wen e si dia enemies dey kom, e go ring di bell to
warn evribody. [4] If anybody hear and nor gri listin to am and di enemies
kon kill-am, na-im kause en deat by ensef. [5] En deat na-im own fault, bikos
e nor gri listin to di warnin. If to sey e listin, e for run go hide. [6] But if di
wosh-man si di enemies dey kom and e nor ring di bell, di enemies go kill
di pipol bikos of dia sin, but I go whole di wosh-man for dia deat bikos e
nor warn dem.'
[7] "Naw, man pikin, I dey put yu as wosh-man for Israel. Yu must go tell
dem di warnin wey I dey tell yu so. [8] If I sey wiked pesin go die and yu

nor warn am to shange, so dat e go save en life, den e kon die as sina, I
go whole yu for en deat. 9 But if yu warn am and e nor gri stop to do bad
tins before e die, den yor hand nor dey for en deat."

### *Evribody Work*

10 God kon tell mi. "Man pikin, go tell Israel pipol wetin dem dey tok:
'Na awa sins and di wrong tins wey wi dey do, dey ponish us so. Wi don
die finish so how wi won take survive naw?' 11 Tell dem sey, 'God sey, "As
long as mi wey get pawa dey alive, I nor dey happy to si doz wey dey sin,
dey die. I prefer make dem stop to sin, so dat dem go get life wey nor dey
end. So, Israel pipol, make una stop di wiked tins wey una dey do. Na
wetin make una won kill unasef finish?" '
12 "Naw, man pikin, go tell Israel pipol sey wen good pesin sin, di good
wey e do, nor go save am. Like dis too, if wiked man stop to do bad, I nor
go ponish am, but if good man start to sin, I nor go sorry for am at-all. 13 I
fit promise good man good life, but if e bigin tink sey di good wey e do
before go save am, den e start to sin, I nor go remember all di good wey
e do. E go die, bikos of en sins. 14 Like dis too, I fit warn wiked pesin sey
e go die, but if e stop di bad tins wey e dey do kon dey do wetin good and
rite; 15 for ezample, if e riton di propaty wey e take from pesin, bikos e
borrow am money or give pipol back wetin e tif from dem kon stop to sin,
den bigin follow di law wey dey give life, e nor go die and e go get long
life. 16 I go forgive en sins and e go get di life wey nor dey end, bikos e
don do wetin dey rite and good.
17 "With all dis, yor pipol dey sey wetin I dey do nor dey rite. No! Na
dia ways nor dey rite. 18 Wen pesin wey good for God eye stop to do good
kon dey do bad tins, e go die bikos of di bad tins wey e dey do. 19 But wen
wiked pesin stop to sin kon dey do wetin dey good for God eye, e don save
en life bi dat. 20 But Israel pipol, una sey wetin I do, nor good. So I go
judge una with wetin una dey do."

### *Jerusalem Don Fall*

21 Twelf years afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon as
prisonas, for di fift day for di tent mont, one man wey eskape from
Jerusalem, kom tell mi sey, "Di town don fall." 22 But for di evening before
e kom, I feel as God present strong rish. So wen di man kom di next
morning, God kon give mi di pawa to tok.

### *Di Pipol Sin*

23 God kon tell mi. 24 "Man pikin, di pipol wey dey stay di empty town
for Israel dey sey: 'Abraham na just one man and dem gi-am di whole
land. So naw wey wi many well-well, na wi get di land too.' 25 Naw, make
yu tell dem wetin mi God wey get pawa dey tok: 'Una dey chop meat with
dia blood; dey woship juju and dey kill pipol. So wetin make una tink sey
na una get di land? 26 Una bilive sey una get pawa; dey bihave anyhow
and evribody dey sleep with who nor bi dia husband or wife. So wetin
make una dey tink sey na una get di land?'
27 "Go tell dem sey mi, God dey warn dem sey, 'As long as I bi di God wey
dey alive, di pipol wey dey stay for di main field, go die. Wiked animals go
chop doz wey dey stay for di kountry and na diziz go kill doz wey hide for
mountin and whole. 28 I go make di kountry empty finish kon end di pawa

wey make dem dey proud before. Israel mountins go empty and nobody
go fit travel pass der again. [29] Wen I ponish di pipol for dia sin kon make
di kountry empty, den dem go know sey na mi bi God.' "

*Di Result*

[30] God sey, "Man pikin, yor pipol dey tok about yu wen ever dem meet
for di town wall or for dia house door-mot. Dem dey tell each oda sey,
'Make wi go hear wetin God tok.' [31] So all di pipol gada kom listin to yu,
but dem nor gri do wetin yu tell dem. Dem sey dem dey do di rite tin, but
dem dey always dey shit and tif pipol money. [32] To dem, yu bi like pesin
wey dey joke, sing love song or play harp. Dem dey listin to evry word
wey yu tok, but dem nor dey obey any one. [33] But wen wetin yu tok don
happen and e go happen, den dem go know sey na profet dey with dem
since."

# 34

*Fake Shepad For Israel*

[1] God kon tell mi. [2] "Man pikin, go tok against di leaders for Israel. Tell
dem sey mi wey bi God sey: 'Una wey dey kare for Israel pipol, una own
don finish! Una guide unasef kon leave Israel pipol on dia own. [3] Una
drink milk kon wear klot wey dem make with wool, den una kill and chop
di sheep wey fine pass. But una nor gri kare for una pipol. [4] Una nor
gri kare for di ones wey dey weak; heal di ones wey dey sick; bandage di
sore wey some get; go find di ones wey waka anyhow or look for di ones
wey lost. Instead, una dey trit dem with wikedness. [5] Bikos di sheep nor
get shepad, dem kon skata for evriwhere and wiked animal kon dey kill
and chop dem. [6] So my sheep kon dey waka anyhow on-top di hills and
mountins. Dem skata for evriwhere for di eart and nobody dey to guide
or look for dem.

[7] " 'Naw, una wey bi shepad, make una listin to wetin mi, God dey tell
una. [8] As long as I bi di God wey nor dey die, e go betta for una if una listin
to mi. Wiked animals attack my sheep kon kill and chop dem, bikos dem
nor get who dey guide dem. My shepads nor even try to look for di sheep,
instead na diasef dem kare about. [9] So make una listin to mi. [10] Mi wey bi
God wey get pawa dey sey I bi una enemy. I go take my sheep from una
hand and una nor go bi dia shepad again; I nor go let una kare for unasef
again. I go save my sheep from una and una nor go chop dem again.

*Di Good Shepad*

[11] " 'Mi wey bi God wey get pawa dey tell unasef sey, mi mysef go look
and kare for my sheep, [12] just as shepad dey kare for dia sheep wey skata
kon gada dem again. For dat day wen di wahala go start, I go bring dem
kom back from where dem skata go. [13] I go remove dem from strenja land;
gada dem togeda kon bring dem back to dia own kountry. I go lead dem
go back to di mountin and Israel river wey dey flow kon give dem betta
food chop. [14] I go let dem stay for peace for di mountins, valleys and all di
fine field. [15] Na mi mysef go bi dia shepad and I go give dem place to rest.
Mi, God wey get pawa, don tok.' "

[16] "Doz wey don lost and wey waka anyhow, I go find and bring dem
kom back. Doz wey get sore, I go bandage am for dem kon heal doz wey

dey sick; but doz wey fat and strong, I go distroy dem, bikos I bi shepad
wey dey do wetin dey rite.
17 "Naw my sheep, mi wey bi God wey get pawa dey tell una sey I go
judge each of una kon separate di good ones from di bad ones; dat is, di
sheep from di goat. 18 Some of una nor dey beleful; even doh una dey
chop betta grass, una still dey mash wetin una chop remain! Una dey
drink klean wota kon dirty di ones wey una drink remain! 19 Na my oda
sheep go kom chop di grass wey una don mash and drink di wota wey una
don dirty?
20 "So naw, mi God wey get pawa dey tell una sey, I go judge both di
strong and di weak sheep. 21 Yes! Una push di ones wey dey sick kon
drive dem komot from where di oda sheep der. 22 But I go save my sheep
and I nor go let una trit dem anyhow again. I go judge my sheep dem kon
separate di good ones from di bad ones.
23 "I go give dem king wey bi like my savant David, wey go bi dia shepad
and e go kare for dem. 24 Mi God go bi dia God and one king like my savant
David go rule dem.

Mi, wey bi God, don tok."

25 "I go make kovenant wey go guide and protet dem. I go distroy all di
wiked animals for di land, so dat my sheep go fit stay for peace as dem
dey di field and forest. 26 I go bless dem kon let dem stay near my holy
hill and for der, I go bless dem with betta rain anytime wey dem wont am.
27 Dia tree go bear fruits; dia fields go bear betta plant and evribody go
stay for peace for en land. Wen I don break di shain wey dem take tie my
pipol kon free dem from pipol wey dey trit dem like slave, den dem go
know sey na mi bi God. 28 Di kountries wey hate dem nor go disturb dem
again and wiked animals nor go kill or chop dem again. Dem go stay for
peace and nobody go make dem fear again. 29 I go make dia groun dey
bear betta plant and honga nor go dey again. Di oda kountries nor go laf
dem again. 30 Evribody go know sey na mi dey protet Israel and dem bi
my pipol.

Mi, wey bi God wey get pawa, don tok."

31 God wey get pawa sey, "Una bi my sheep; di animals wey I dey feed!
Na una bi my pipol and na mi bi una God."

# 35

*God Ponish Edom*

1 God tell mi: 2 "Man pikin, make yu tok against Edom. 3 Tell Edom pipol,
'God wey get pawa sey:

" 'I bi una enemy!
I go make una land empty.
4 I go skata una town kon distroy una land,
den una go know sey na mi bi God.

5 " 'Na una bi di enemy wey dey worry and kill Israel pipol wen dem
dey wahala and dat time na dia final ponishment for dia sin, dem dey face.
6 So, as long as mi God wey get pawa bi di God wey nor dey die, una must
die and una nor go fit eskape am. Just as una kill pipol, na so too dem
go kill una. 7 Edom pipol wey dey stay di hill, I go make una land empty
and nobody go travel pass der again. 8 Na dead body I go take kover di
mountins and doz wey die for war, na dem I go use take kover di hills and

valley. 9 I go make una dey empty forever and nobody go stay una town
again. Den una go know sey na mi bi God.
10 " 'Una sey, "Judah and Israel land na awa own. Wi go take evritin
wey dey here. Wi nor kare weda Oga God dey stay der!" 11 So, as long as
mi God wey get pawa bi di God wey nor dey die, I go ponish una akordin
to how una vex rish, dey jealous and as una hate my pipol rish. My pipol
go know sey I dey ponish una, bikos of wetin una do dem. 12 Den una go
know sey, mi God hear wen una sey, "Israel mountin don empty, so na wi
get am naw." 13 I hear as una dey make mout and curse mi. 14 God wey
get pawa sey, I go make una land empty and di whole world go dey happy
as una dey fall; 15 just as una dey happy wen Israel skata; Israel land wey
bi my own. Mount Seir pipol and all of una for Edom go die finish. Den
evribody go know sey na mi bi God.' "

# 36

### *God Bless Israel*

1 God sey, "Man pikin, make yu tell Israel mountin sey make dem listin
to di message wey mi 2 God wey get pawa dey tell dem. Israel enemies
tok against dem sey, 'Naw, dis old hill don turn awa own naw!' 3 So go
tell dem wetin mi God wey get pawa dey tok. Wen di kountries wey dey
near Israel katch and seize Israel mountin, evribody bigin laf dem. 4 So di
mountins, hills, rivers and valleys, make una listin to wetin mi God wey
get pawa dey tell una. Aldo sey una towns skata naw and oda nashons
dey curse and laf una, 5 I dey vex naw, so mi wey bi God go ponish dem
especially Edom pipol, bikos na dem laf una pass kon kollect una land.
6 "So, make yu profesai about Israel land kon tell di mountins, hills,
rivers and valleys sey, 'God wey get pawa sey: Di way di oda kountries trit
una, dey make mi vex.' 7 So God dey promise sey, doz kountries wey bin
laf una, I go must sofa dem too.
8 "But trees go grow again on-top Israel mountins and dem go bear fruits
for my pipol Israel and una go-go back to una own land. 9 I dey una side;
I go make sure sey una land dey good and una go fit plant put again. 10 I
go make una many. Una go stay for di town and evritin wey don skata
before, una go ribuild dem back. 11 I go make una pipol and animals dey
plenty evriday. Una go many pass as una bi before and una shidren go
plenty. I go let una stay here as una dey before kon make una betta pass
before. Den una go know sey na mi bi God. 12 I go bring my pipol, Israel
kom back to dis land. Di land go bi dia own and dia shidren nor go ever
hongry again.
13 "Mi, God wey get pawa sey, 'Di land nor dey produce betta food so
pipol and dia shidren dey die anyhow.' 14 But from naw go, all doz tin nor
go ever happen again.

Mi, wey bi God wey get pawa, don tok."

15 "Di land know go listin to doz kountries wey dey laf or curse en pipol.
Di land nor go make una shidren hongry or die again.

Mi, wey bi di Oga God, don tok."

### *Israel New Life*

16 God kon tell mi: 17 "Man pikin, wen Israel pipol bin dey dis land, dem
spoil am with di way dem dey do and bihave. I si sey dia karata nor dey
good and klean and bi like woman wey dey si en period. 18 Bikos of di

pipol wey dem don kill for di land and juju wey dem pak full am, I kon
let dem feel as my vexnashon strong rish. 19 I kondemn and skata dem
go evriwhere, bikos of how dem dey live dia life. 20 Dem dey disgrace my
holy name for anywhere wey dem go, bikos pipol dey sey, 'Dis pipol don
komot from di land wey dia own God, give dem.' 21 Na dis make mi dey
koncern about my holy name wey Israel pipol dey make oda pipol spoil.
22 "Naw, make yu go tell Israel pipol dis message wey mi God wey get
pawa get for dem: Wetin I won do nor bi bikos of una, but na bikos of my
holy name; di name wey una don disgrace for evriwhere. 23 Wen I show
di kountries how my name dey holy and great rish; di name wey una dey
disgrace, dem go know sey na mi bi God.

Mi, God wey get pawa, don tok."

"I go use una take show di kountries sey I dey holy. 24 From evry tribe,
kountries or towns wey una dey, I go bring una kom back to una house.
25 I go pour klean and good wota for una body, so dat una go dey klean
from di juju wey una dey woship before and evritin wey make una dirty.
26 I go give una new heart; di one wey go make una obey my kommand.
27 I go give una my spirit kon make sure sey una dey follow my laws and
keep all di kommandment wey I give una. 28 Den una go stay for di land
wey I give una grand-grand papa dem. Una go bi my pipol and I go bi
una God. 29 I go save una from evritin wey make una dey spoil before.
I go kommand food make e plenty, so dat una nor go hongry again. 30 I
go make di fruit and food for una tree and fields many pass before, so
dat honga nor go make una go beg oda nashons. 31 Wen una remember
di wiked and wrong tins wey una do before, una go hate unasef, bikos of
una sins. 32 Israel pipol, I wont make una know sey I nor dey do all dis
tins bikos of una. So make una shame and hide una face bikos of all di
bad tins wey una don do.

Mi, wey bi God wey get pawa, don tok."

33 God wey get pawa sey, "Wen I don klean una from all una sins, I go
let una plenty kon ribuild una towns wey don skata. 34 Doz wey pass una
field before, si as dirty and grass grow full am, but naw, I go let una plant
seed for der again. 35 Dis land wey bi like wildaness before, evribody go si
and tok how e don turn and fine like Eden Gardin and how di town wey
skata rish groun before, don fine and get pipol again. 36 Den di nashons
wey dey near der, wey survive, go know sey mi wey bi God don ribuild dis
town wey skata before kon plant put for di field wey bin dey empty. Mi
wey bi God don promise sey, I go do wetin I sey I go do."
37 God wey get pawa sey, "I go allow Israel pipol ask mi for help and dem
go plenty like sheep again. 38 Just as sheep wey dem won offa as sakrifice
dey full Jerusalem before di feast, na so too pipol go full di town wey bin
dey empty. Den evribody go know sey na mi bi God."

# 37

*Dry Bones Valley*

1 Den God pawa enter my body and en spirit kon karry mi go one valley
where dry bones full. 2 E take mi waka round di place and I kon si sey di
bones many and dem dry well-well. 3 E kon tell mi, "Man pikin, yu bilive
sey dis bones fit turn to human being again?" I kon ansa, "God wey get

pawa, na only Yu fit ansa dat kind kweshon!” 4 E kon sey, “Tok to di bones.
Tell di bones sey make dem listin to wetin God dey tok. 5 Make yu tell dem
wetin mi God wey get pawa dey tell dem: I go give una life again. 6 I go
give una flesh kon kover una body with skin. I go bring una kom back to
life. Den una go know sey na mi bi God.”

7 So I tok to di bones just as God tell mi. As I dey tok, I hear one strong
nois and di bones kon dey join togeda. 8 As I dey look, flesh kon kover di
bones, den dem kon get skin. But dia body nor get life.

9 God kon tell mi, “Man pikin, tok to di breeze. Tell di breeze sey God
wey get pawa dey kommand am to kom from difren place kon give life to
dis body dem wey dey groun, so dat dem go get life.” 10 So I kon tok as
God don tell mi. Life kon enter di body dem and dem kon stand up. Dem
many well-well like sojas.

11 God kon tell mi, “Man pikin, Israel pipol bi like dis bones. Dem sey
dem don dry finish, dem nor get hope or bilive sey dia future dey brite.
12 So, go tell Israel pipol sey mi wey bi dia Oga God go open dia graves
kon take dia dead body kom out; give dem life, den bring dem kom back
to Israel land. 13 Wen I open di grave where dem beri my pipol put kon
bring dem out, na den dem go know sey na mi bi God. 14 I go give dem
my own Spirit kon make dem stay for dia own land. Den, dem go know
sey na mi bi God. I don promise sey I go do wetin I tok and I go do am.
Mi, wey bi God, don tok.”

### *Judah And Israel Na One*

15 God kon tell mi again: 16 “Man pikin, take one stik make yu rite dis
word put, ‘Judah kingdom.’ Den take anoda stik kon rite dis word put too,
‘Israel kingdom.’ 17 Den hold di two for hand, so dat dem go look like one
stik. 18 Wen yor pipol ask yu sey make yu tell dem wetin dis tin mean,
19 tell dem sey, ‘God wey get pawa go take di stik wey dem rite Israel put
kon join am with di one wey dem rite Judah put. E go use di two make
one stik kon hold am for en hand.’ 20 So, make yu hold di two stik for yor
hand, so dat di pipol go si dem. 21 Den make yu tell dem sey, ‘God wey get
pawa go-go bring all en pipol for evriwhere wey dem skata go. E go bring
dem kom back to dia own land. 22 For di land wey dey Israel mountin, God
go turn all of dem to one nashon. Dem go get one king wey go rule dem
and dem nor go skata again. 23 Dem nor go spoil dia body with juju or
anytin wey go make dem dirty or sin again. God go free dem from evritin
wey dey make dem sin. E go klean dem; dem go bi en pipol and E go bi
dia God.’

24 “Na from my savant David house, dia king go from kom. All of dem go
dey happy under one king and dem go obey and respet all my laws. 25 Dem
go stay for di land wey I give Jakob wey bi my savant; di land where dia
grand-grand papa dey before. Dem with dia shidren and grand-shidren go
stay der forever. Na from my savant David house, dia king go always kom
from. 26 I go make kovenant with dem wey go make dem dey save forever.
I go make dem prosper and dem go many well-well. I go make sure sey
my temple dey for dia land forever. 27 I go stay der with dem; I go bi dia
God and dem go bi my pipol. 28 Wen I don build my temple for dia land
forever, den di oda nashons go know sey, mi God don choose Israel as my
own pipol.”

# 38

### *God Dey Use Gog*

1 God sey, 2 “Man pikin tok against Gog, dat wiked prince wey dey rule
Meshak and Tubal wey dey Magog land. 3 Tell am sey mi God wey get
pawa na en enemy. 4 I go turn am round; hook en jaw kon drag en and en
plenty sojas. 5 I go drag Persia, Ethiopia and Libya sojas follow dem; plus
all di swod wey dem karry.

6 “All di men wey sabi fight for Gomer and Togarmah land for nort
and men from difren kountries, 7 tell dem make dem dey ready with all
dia many sojas and na yu go kommand dem, 8 bikos afta sometaim, I go
kommand una to attack Israel land; kountry wey bin skata bikos of war.
Nobody stay di land since, but en pipol don kom back from oda kountries
where dem bi prisonas before. Naw, Israel pipol dey stay for peace for dia
land. 9 Yu, yor sojas and all di many kountries wey dey with yu go attack
Israel like betta strong rain and una go bi like kloud wey kover di eart.”

10 Dis na wetin God wey get pawa dey tell Gog: “Wen dat time don rish,
yu go start to tink of di wiked tins wey yu go do. 11 Yu go skata Israel
kountry wey nor get who dey protet dem; place where di pipol nor get
pawa and dey stay for peace. 12 Doz wey dey stay dis town wey nor skata
before, yu go skata and karry dia propaty go. Dis pipol na prisonas for
oda kountries before, but naw, dem don get plenty animals and propaty,
so dem feel sey na dem get di whole world. 13 Sheba and Dedan pipol with
doz for Tarshish go kom meet yu sey dem wont make yu give dem some
from di silva and gold, plus di animals and propaty wey yor sojas kollect
from Israel land.”

14 So, God wey get pawa kon send mi go tell Gog wetin E tok: “Naw, as
my pipol Israel dey stay for peace, yu go 15 from yor land go take many
sojas from difren kountries too, both from nort and all of dem go karry
shariot. 16 Yu and yor pipol go attack my pipol like strong kloud wey dey
pass di land. Wen di time don rish, I go send yu go skata my land, so dat
dem go know who I bi and dem go si as I holy rish, bikos of di tins wey I
go do thru yu.

17 “Na yu I dey tok about before wen I tell my savant wey bi Israel profet
sey, ‘For dat day, I go ask somebody make e attack Israel.

God wey get pawa don tok.’ ”

### *God Ponish Gog*

18 God wey get pawa sey, “Wen Gog go attack Israel, I go vex well-well.
19 I go vex kon sey, ‘For dat day, many eartkweke go happen for Israel.
20 All di fish, bird, animal; weda dem big or small and evry human being
wey dey stay dis eart, go fear mi well-well. Mountins go fall; high hill go
skata and evry wall go fall skata too. 21 I go make Gog fear mi kon ponish
am with diziz.

Mi, wey bi God wey get pawa, don tok.’ ”

“Gog men go fight and kill each oda. 22 I go ponish am with diziz and
en pipol go dey kill each oda anyhow. Heavy rain, big-big stones, fire and
sulfur go fall on-top en and en sojas; plus all di oda kountries wey dey en
side. 23 Na like dis I go take show all di kountries as I dey great and holy
rish. Den, dem go know sey na mi bi God.”

# 39

### *Dem Win Gog Pipol*

1 God wey get pawa sey, "Man pikin, go tok against Gog wey dey rule
Meshak and Tubal sey, 'I bi en enemy. 2 I go take am go anoda place for
nort until e rish Israel mountin. 3 Den I go nak en bow komot from en left
hand and di arrow wey dey en rite hand. 4 Gog, en sojas and all di pipol
wey dey stay with am go die finish for Israel mountin and I go let bird and
wiked animals chop dia body. 5 Dem go die for war.
Mi, wey bi God wey get pawa, don tok.'
6 "I go set fire put for Magog land and land near di river where pipol dey
stay for peace. Den evribody go know sey na mi bi God. 7 I go make sure
sey Israel, my pipol know my holy name and I nor go let dem disgrace my
name again. Den di pipol go know sey na mi bi di God wey dey holy."
8 God wey get pawa sey, "Wetin I dey tok about, go must kom. 9 Di pipol
wey dey stay Israel town go-go kollect doz tins wey dem take dey kill pipol
kon use am do firewood and dem bi: di swod, di shield, di bow, di arrow,
di spear and dem go use dem as firewood for seven years. 10 Dem nor nid
to go gada wood for di field or go kut tree for forest, bikos di swods go
rish dem take make fire. Doz wey tif and karry my pipol propaty before,
my pipol go kollect di load back from dia hand."
God wey get pawa don tok.

### *Dem Beri Gog*

11 God sey, "Wen all dis tins dey happen, I go give Gog one grave for
Travelas Valley wey dey di Dead Sea for Israel east. Dem go beri Gog and
all en sojas for der and dem go koll am 'Hamon-Gog Valley.' 12 Na seven
mont e go take Israel pipol to beri all di dead body kon make di land klean
again. 13 Evribody for di land go join beri dem, den pipol go respet dem
afta dem don win di fight.
Mi, wey bi God wey get pawa, don tok."
14 "Afta di sevent monts, dem go choose men wey go travel round di
land, so dat dem go fine and beri di dead body wey remain, so dat di land
go dey klean. 15 As dem dey travel round di kountry, wons dem si human
being bone, dem go mark dat place, so dat doz wey dey beri go si di bones
kon beri dem for Hamon-Gog Valley. 16 (E get one town for der and dem go
gi-am Gog sojas name wey bi Hamonah.) So di land go dey klean again."
17 God wey get pawa kon tell mi, "Man pikin, go koll all di birds and
animals make dem kom from evriwhere kon chop di sakrifice food wey I
dey make for dem. Na party dem won do on-top Israel mountin so and
dem go chop and drink blood. 18 Dem go chop sojas body kon drink ruler
and leaders blood; all dis pipol go die like ram, sheep, goat or like big melu.
19 Wen I kill dis pipol as sakrifice, di birds and animals go chop evry part
wey dem fit chop kon drink blood until dem nor fit drink again. 20 For
my tabol, dem go chop all wetin dem fit chop from shariot and from all di
sojas body.
Mi, wey bi God wey get pawa, don tok."

### *Israel New Life*

21 God sey, "I go let di kountry si my glory and I go show dem how I dey
judge well with my pawa. 22 Den from dat day go, Israel pipol go know
sey na mi bi di Oga wey bi dia God. 23 All di kountries go know sey Israel

go Babilon as slave, bikos of sin and I turn leave dem kon let dia enemies
beat and kill dem for war. 24 I give dem wetin dem ask for and bikos of
dia sin and wikedness, I waka leave dem."
25 God wey get pawa sey, "But naw, I go sorry for Jakob shidren wey
bi Israel pipol kon make dem prosper again. Yes! I go guide my holy
name. 26 Wen dem don dey stay dia on land with peace and nobody dey
treaten dem again, den dem go forget how dem sofa before wen dem dey
sin against mi. 27 For all di enemies land where my pipol dey stay, I go
bring dem kom back to dia own land, den evribody go know sey I dey
holy. 28 Den my pipol go know sey na mi bi di Oga wey bi dia God. Dem
go know, bikos I send dem go anoda land prisonas before, but naw, I don
gada dem from all di kountries where I skata dem go before kon bring
dem back to dia land and I nor forget or leave anybody for der. 29 I go
pour my Spirit put for Israel pipol body and I nor go leave dem again.
Mi, God wey get pawa, don tok."

# 40

### *Ezekiel For Jerusalem*

1 Twenty-five years afta King Jehoiashin and Israel pipol dey Babilon as
prisonas, for di tent day for di new year wey bi di fourteent year afta dem
skata Jerusalem, God kon tosh mi with en hand and E take mi enter di
town. 2 So, for inside vishon, God karry mi go Israel land kon put mi on-
top one high mountin. For my front, I si sometin wey bi like one big town.
3 E take mi near am, den I si one man wey dey shine like bronze. E whole
tape and stik wey dem take dey measure and e stand near di gate. 4 E kon
tell mi, "Man pikin! Listin well-well and look evritin wey I dey show yu,
bikos dis na di rizin why dem bring yu kom der, so dat yu go tell Israel
pipol evritin wey yu si."

### *Di East Gate*

5 I si wall wey dey round di temple for outside. Di man take en stik wey
e take dey measure, wey long rish ten fit kon measure di wall. Di wall
high and tick rish ten fit. 6 Den e klimb go di east gate go measure where
dem dey pass enter and e deep rish ten and half fit. 7 For en front, e get
one road wey pesin fit pass and three guard-room dey der. Each room na
like skware wey bi ten and half fit and di wall wey separate dem tick pass
eight fit. Afta di guard-room, anoda road dey wey long pass ten fit and yu
go pass der go di big room wey face di temple. 8 Den e measure di room
wey face inside and na ten and half fit. 9 E measure di room for di gate
and na fourteen fit. And na dis room end di gate wey dey near di temple,
but di end side for di wall tick pass three fit. 10 Three guide rooms dey
for each gate and all of dem na di same size and all di wall wey separate
dem, na di same tickness dem get too. 11 Den, di man measure as di road
wide rish and evritin pass twenty-two fit, but di space wey dey between
di gate na seventeen and di half fit. 12 For di guide rooms front, e get one
wall wey high rish about two fit and dem tick rish ten and half fit. 13 Den
e measure di distance from di back wall from one room go rish di room
wey dey afta di road and e pass forty-three fit. 14 Pesin fit pass di ending
room go where di kourt dey. E measure dat room and e high rish hundred
fit. 15 So from outside di gate go rish di last room, e pass eighty seven fit

and half. 16 Small-small whole dey di outside wall for all di rooms and di
inside wall wey dey between di rooms. Dem karve palm trees for di inside
wall wey face di road.

### *Di Kourtyard For Outside*

17 Di man karry mi pass di gate enter di kourt. Na thirty rooms dem
build join di wall for outside and for dia front, e get one place where dem
pak stone full 18 and e many round di kourtyard. Di kourtyard for outside
low pass di inside. 19 E get one gate wey dem dey pass go di kourt for
inside. E measure from di first gate go rish di sekond and na one hundred
and seventy-five fit for di east and di nort.

### *Di Nort Gate*

20 Den di man measure di gate for nort wey yu go pass go di kourtyard.
21 Di three guard-room wey dey di passage side; di wall wey divide dem
plus di big room, all of dem na di same size with doz wey dey for di east
gate. Di gate lengt na eighty seven and half fit and e wide pass forty-three
fit. 22 Di big room, di window and di tree wey dem karve put, bi like di
ones wey dey di east gate. Na seven steps yu go pass before yu go rish di
gate and di big room face di kourtyard for di end. 23 For di oda side for di
kourtyard from di nort gate, anoda road dey wey dem dey pass go inside
di kourt, just as e bi for di east. Di man kon measure how dem two far
from each oda and na one hundred and seventy-five fit.

### *Di Sout Gate*

24 Den di man take mi go di sout-side and anoda gate dey der. E measure
am and na di same size with di oda ones. 25 Windows dey di room for dis
gate, just like di oda ones. Di lengt for dis gate pass eighty seven fit and e
wide pass forty-three fit. 26 E get seven steps and di big room still face di
kourtyard for di end. Palm tree wey dem karve for di wall wey dey inside,
face di passage. 27 For der, e still get one gate wey dem fit pass go inside
di kourtyard. Di man measure how e take far from di sekond gate and na
one hundred and seventy-five fit.

### *Di Kourtyard For Inside: Di Sout Gate*

28 Di man take mi pass di sout gate kon enter inside di kourt. E measure
di gate and na di same size with di ones wey dey outside di kourt. 29 Di
guard-room, di big room and di wall for inside na di same size with di
ones wey dey di oda gates. Windows still dey der too. 30 Di total lengt long
pass forty-three fit and e wide pass eight fit. 31 En big room face di oda
kourtyard and dem still karve palm tree for di wall wey dey di passage.
Na eight steps dem go pass rish der.

### *Di Kourtyard For Inside: Di East Gate*

32 Di man take mi pass di east gate enter inside di kourtyard. E measure
di gate and na di same size like di oda ones. 33 En guard-room, en big
room and di wall for inside, na di same measurement like di oda gates.
Windows still dey der and for di big room too. Di lengt pass eighty seven
fit and e wide pass forty-three fit. 34 Di big room face di kourt for outside.
Dem still karve palm tree for di wall wey dey di passage. Na eight steps
dem go pass rish der.

### *Di Kourtyard For Inside: Di Nort Gate*

35 Den di man take mi go di gate for nort. E measure di gate and na di
same size like di oda ones. 36 Like di odas, e still get guide rooms, walls
wey dem design for inside, big room and windows for evriwhere: Di lengt
pass eighty seven fit and e wide pass forty-three fit. 37 Di big room face di
kourt for outside. Dem still karve palm tree for di wall wey dey di passage.
Na eight steps dem go pass rish der.

### *House Where Dey Near Di Nort Gate*

38 For di kourtyard for outside, e get one small room wey dem build join
di gate for inside for di nort side. Yu fit from der go di big room wey face
di kourt and na der dem for dey wosh di animals wey dem won burn as
sakrifice. 39 For dis big room, four tabol dey der; two der for each side
for di room. Na for dis tabol dem for dey kill di animals wey dem won
sakrifice; weda dem won burn or sakrifice am for sin or as ofrin. 40 For
outside di room, four tabol wey bi like di same dey der, two-two for di side
wey dem dey pass for di nort gate. 41 So, na eight tabol dey where dem for
dey kill di animals wey dem won sakrifice: four dey inside and four dey
outside di room for di kourtyard. 42 Di four tabol for di small room where
dem for dey prepare di ofrin wey dem won burn, na stone dem take make
dem. Dem long pass two fit; wide pass two fit and high pass one fit. All di
knife wey dem take dey kill di animals, dey on-top di tabols. 43 Di hooks
wey dey di tabol na three inches dem long rish. All di meat wey dem go
take do sakrifice dey dis tabol.

44 Den di man take mi enter di room for inside. E get two rooms for
inside di kourt, one face sout near di nort gate and di oda one face nort
near di sout gate. 45 Di man kon tell mi, "Di room wey face di sout na for
di priest wey dey serve for di temple, 46 while di one wey face nort, na for
di priest wey dey serve for di altar. All di priest na Zadok shidren-shidren;
na dem bi di only pipol for Levi tribe wey fit go serve God for inside en
temple."

### *Di Kourtyard And Di Temple*

47 Di man measure inside di kourt and e wide and long rish one hundred
and seventy-five fit. Di temple dey for di west side and di altar dey di
temple front.

48 Den di man take mi enter di temple. E measure where dem dey pass
enter and e deep pass eight fit and wide pass five fit. 49 Steps dey wey pesin
dey pass go di room for inside wey long rish thirty-five fit and e almost
wide rish twenty fit. Two marks dey der: One for each of di side where
dem for dey pass enter.

## 41

### *Di Temple*

1 Leta, di man take mi go di Holy Place for di centre room. E measure di
passage wey dem dey pass enter: e deep rish ten and half fit for each side.
2 Wide rish eighteen fit and di wall for di two side almost tick rish nine fit.
E measure di room and e long rish seventy fit kon wide rish thirty-five fit.
3 Den e go inside-inside di room kon measure di passage: e almost deep
rish four fit kon wide rish ten fit and half and di wall for di two side tick

pass twelf fit. [4] E measure di room and na thirty-five fit e bi. Dis room dey
afta di room for centre. Den e kon tell mi, "Dis na di Most Holy Place."

### *Di Room Wey Dem Build Join Di Temple Wall*

[5] Di man measure as di temple wall bi and e tick rish ten fit. Round di
wall for di temple, small-small rooms dey wey wide rish seven fit. [6] Di
room dem dey three story building and each story get thirty rooms. Di
wall for outside di temple tin pass di ones wey dey bottom, so dat dem
go fit build di rooms make dem rest for di wall body. [7] So, wen yu si di
temple wall for outside, e bi like sey na di same tickness e get go rish top.
For outside di temple wall and di rooms, dem build two wide step for der
where pesin go pass klimb go di middle house and di one wey dey up.
[8] Di outside wall for dis rooms tick rish ten and half fit; e get one door
wey dem take dey enter di rooms wey dey di nort side for di Temple [9] and
one room dey to pass enter di sout-side for di temple too. I si sey di road
to go di building so, wide rish eight fit [10] and di open space for di kourt
wide rish thirty-five fit for all di side. [11] Between di road and di building
wey di priest dey use, e get one open space wey almost wide rish nine fit.

### *Di Building For West*

[12] For di end for di open space for di west side for di temple, e get one
building wey long rish one hundred and fifty-seven and half fit and e wide
rish one hundred and twenty-two and half fit; en wall tick rish nine fit.

### *Di Temple Measurement*

[13] Di man measure outside di temple and e long rish one hundred and
seventy-five fit. So from di temple back go di open space go rish di west
side for di building, na one hundred and seventy-five fit. [14] Di distance
from di temple front plus di open space for di two side, na one hundred
and seventy-five fit. [15] E measure di building lengt go rish di west; plus di
bottom for di two side and na one hundred and seventy-five fit e bi.

### *How Di Temple Bi*

[16] Di passage wey dem dey pass enter di temple room, di Holy Place and
di Most Holy Place, dem do dem with betta wood from groun go rish di
window kon kover dem (dem kover di windows too), [17] go rish di space for
outside and evriwhere for inside and outside wey dem measure. [18] Dem
karve angel put for der kon design am with palm tree and palm tree still
dey di two angel middle. Each angel wey dem karve get two face: [19] human
being face wey dem draw face di palm tree for one side and lion face wey
dem draw face di tree for di oda side. Na so dem karve dem for evriwhere
for di temple; [20] from groun go rish di door-mot, dem karve and dekorate
di angels for outside di temple too. [21] Na skware shape dem do put for di
Holy Place door and dem resemble each oda.

### *Di Wood Altar*

[22] For di road wey dem dey pass enter di Most Holy Place, e get sometin
for der wey bi like altar wey dem do with wood. E high pass five fit and
almost wide rish four fit. En korna; di base and en sides, na wood dem
take make dem. Den di man tell mi, "Dis na di tabol wey dey God present."

### *Di Door*

[23] E get one door for where di passage for end for di Holy Place and one
door still dey for di Most holy place. [24] Each door still get two-two small
doors where pesin fit pass. [25] Dem karve angel and palm tree for di door
for di Holy Place, just as dem karve for di walls. And e get one kanopy
wey wood full for outside di room. [26] Na small-small windows wey dem
dekorate with palm tree dey di wall. Dis na how di open space and di
kanopy for di temple, bi like.

# 42

*Two Building Near Di Temple*

[1] Den di man take mi go di kourtyard for outside and wi pass di building
for di nort side for di temple wey nor far from di one wey dey di west
side for di temple. [2] Dis building long rish one hundred and seventy-five
fit for di nort side and wide rish eighty seven and half fit. [3] Opposite di
space wey bi thirty-five fit wey dey for di kourt for inside and outside,
dem build am as three story and dem face each oda. [4] For di nort side, dis
building passage wide pass seventeen and half fit. [5] Naw, di room on-top
di building small pass di ones wey dey middle and bottom, bikos e big pass
di down and middle rooms, [6] bikos dem build dem as three story and dia
pilas nor tick like di kourt own; so di top own nor tosh groun like di down
and middle floor. [7] But for di outside wall for di building wey face di main
door-mot, e long pass eighty seven fit. [8] Di room for di outside kourt long
rish eighty seven and half fit, while di ones wey face di temple, long rish
one hundred and seventy-five fit. [9] Under di rooms, for di east end for di
building, na der di wall for start, e still get where dem dey pass enter di
kourtyard for outside.

[10] For der, e get one room wey resemble di rooms for di sout-side for di
temple and dis room nor far from di rooms wey dey di west side for di
temple. [11] For di rooms front, e get one passage wey bi like di one wey dey
di nort side. E get di same measurement; di same design and na di same
road, dem dey pass enter. [12] One door dey under di rooms for di sout-side
for di building and for di east end where di wall for start.

[13] Di man kon tell mi, "Dis two buildings wey face di open space so,
dey holy. Na for inside dem, di priest wey dey enter God present, for dey
chop di ofrin wey holy pass. Bikos di rooms dey holy, di priests go put di
ofrin wey holy pass for der: di korn wey dem sakrifice for sin or for ofrin.
[14] Wen di priests enter di temple kom out and dem won go outside for di
kourtyard, di holy klot wey dem wear take serve God, dem must leave am
for dis rooms before dem komot. Dem must wear anoda klot before dem
go-go where pipol gada dey wait dem."

*Di Measurement For Di Temple Aria*

[15] Wen di man don measure inside di temple finish, e take mi go outside
thru di east gate kon measure outside di aria. [16] E measure di east side
and na eight hundred and seventy-five fit. [17] Den e measure di nort side,
di [18] sout-side and na eight hundred and seventy-five fit dem bi too. [19] E
still measure di west side and all of dem na di same lengt wey bi eight
hundred and seventy-five fit. [20] E measure dem from di four side. Di wall
wey dey der, na to separate wetin dey holy from wetin nor dey holy and

e long rish eight hundred and seventy-five fit and e still wide rish eight
hundred and seventy-five fit too.

# 43

*God Kom Back To Di Temple*

1 Di man take mi go di east gate 2 and I kon si Israel God glory dey kom
from di east. God vois sound like nois from sea and en glory shine kover
di eart. 3 Dis vishon bi like di one wey I si before wen God kom distroy
Jerusalem and di one wey I si near Chebar River. Den I fall face groun.
4 God glory shine pass di east gate kon enter di temple. 5 Den God Spirit
karry mi go inside di kourtyard and God glory full di temple.

6 Di man stand near mi and I hear wen God dey tok to mi from di temple
sey: 7 "Man pikin, na my throne bi dis. I go stay here with Israel pipol kon
rule dem forever. Di pipol for Israel or dia kings nor go disgrace my name
wey dey holy again or woship anoda god or dia king wey don die. 8 Di kings
build di door post and door-mot join my own and na di wall separate us.
Na all dis bad tins wey dem dey do, make dem dey disgrace my name
wey dey holy and I distroy dem, bikos I dey vex. 9 Naw, dem must stop to
woship any oda god kon beri all doz kings dead body wey dem dey serve.
If dem do like dis, I go stay with dem forever."

10 God kon sey, "Man pikin, tell Israel pipol about di temple, so dat dem
go undastand di plan. Make shame katch dem, bikos of di sin wey dem
dey kommit. 11 Den, if shame don katch dem for wetin dem do, make yu
tish dem about di temple plan: how en design bi; di door-mot; en shape;
as dem take arrange evritin for der and all en rules and laws. Rite evritin
give dem, so dat dem go fit read how dem arrange di temple kon do di
rules and obey di laws.

12 "Dis na di temple law: All di aria wey dey near am on-top di mountin,
der holy.

*Di Altar*

13 "Na di altar measurement bi dis, just as dem measure di temple: Di
korna go high rish like two fit kon almost wide rish two fit, while di rim for
outside, go long rish nine inches. Na so di altar go high rish. 14 Di size wey
low pass from di altar go rish di top go almost high rish four fit. Di oda
size for di altar go almost wide rish two fit and di small side go bi seven
fit. Anoda part for di altar still get space wey almost rish two fit. 15 Di top
part where dem for dey do sakrifice still high rish seven fit. Di four korna
high pass all di remainin ones for di top. 16 Di altar top na skware and na
twenty-one fit for each side. 17 Di middle part na skware too and e long
pass twenty-four fit kon wide rish twenty-four and half fit for di four side;
di korna go bi ten and half inches and di suroundin go bi about two fit.
En step face di east side."

*Dem Santify Di Altar*

18 God wey get pawa kon tell mi, "Man pikin, make yu listin to wetin I dey
tell yu. Wen dem build di altar, yu go sakrifice animal put. Di animal wey
dem sakrifice, yu go pour en blood put take dedikate am. 19 Doz priests
wey kom from Levi tribe wey bi Zadok shidren-shidren, na only dem go fit
kom inside my present kom serve mi. Na mi, wey bi God wey get pawa dey

kommand yu. Yu go give dem one yong melu make dem offa as sakrifice
for sins. [20] Yu go take some of en blood kon put am for di four horn, di
korna for di altar, di one for middle and round di korna dem. Like dis, yu
go klean di altar kon make am dey holy. [21] Yu go take di melu wey dem
offa as sakrifice for sin kon burn am for one place outside di temple aria.
[22] "Di next day, yu go take one man goat wey dey okay kon offa am as
sakrifice for sin. Yu go use en blood take klean di altar, just as yu do with
di melu own. [23] Wen yu don do dat one finish, take one small melu and
ram wey dey okay, [24] den bring dem kom meet mi. Di priest go pour salt
for dia body kon burn dem as ofrin give mi.
[25] "Each day for seven days, yu go offa one goat, one melu and one ram
give mi as sakrifice for sin. All of dem must dey okay. [26] For seven days,
di priests go klean di altar, so dat e go dey ready wen dem won use am.
[27] Wen di seven days don finish, di priests go bring dia ofrin and di pipol
ofrin kom. Den I go dey happy with all of una.
Mi, God wey get pawa, don tok."

# 44

*Di East Gate*

[1] Den di man take mi go outside di gate for di east side for di temple
aria. Dem klose di gate. [2] God kon sey, "From naw go, dem nor go ever
open dis gate and as e dey so, na so e go dey. Dem nor go let human being
use am, bikos mi di Oga wey bi Israel God, don pass am enter. E must dey
klose like dat forever. [3] Di prince wey dey rule naw fit go der go chop di
holy food for my present. E go enter kon pass di big room for inside, go
out."

*Rule For Di Temple*

[4] Den di man take mi pass di gate for nort go di temple front. As I still
dey look, I kon si God glory dey shine for di temple. At wons, I fall face
groun [5] and God kon tell mi, "Man pikin, listin well-well to evritin wey yu
hear and si. I go tell yu di rules and di laws for di temple. Listin well-well,
so dat yu go know di pesin wey go fit enter and kom out from di temple
and doz wey nor suppose enter. [6] Go tell doz bad pipol wey dey Israel sey,
mi God wey get pawa nor go sorry for dem again, bikos of di yeye tins
wey dem dey do. [7] Dem don dirty my temple, bikos dem dey allow pipol
wey neva sekonsaiz enter. Pipol wey nor dey obey mi dey enter di temple
wen dem dey offa animal give mi as sakrifice. So my pipol don break di
kovenant with all dis yeye tins wey dem dey do. [8] Dem nor dey kare for di
holy place for my temple, instead na strenjas dey lead dem for my temple.
[9] Mi wey bi God wey get pawa, dey kommand una sey, strenjas wey neva
sekonsaiz; doz wey nor dey obey mi, make dem nor ever enter my temple,
even if na strenjas wey dey stay with my pipol."

*Dem Remove Levi*

[10] God tell mi, "I dey ponish Levi tribes wey join Israel pipol sin kon still
woship juju. [11] Dem fit still serve mi for di temple kon stand for di gate den
do di temple work. Dem fit kill di animals wey pipol kom offa as sakrifice
and dem must dey to serve di pipol. [12] But bikos dem follow odas go serve
juju kon make Israel pipol sin, mi God wey get pawa dey swear sey I must

ponish dem. 13 Dem nor go serve as priest or go near anytin wey dey holy
to mi or enter my Most holy place. Dis ponishment na for di yeye tins wey
dem don do. 14 Na di work wey dem go do for di temple, I dey tell dem
so."

*Di Priests*

15 God wey get pawa sey, "All di priests from Levi tribe wey bi Zadok
shidren-shidren must kontinue to serve mi, even wen all di odas for Israel
nor gri serve mi again. So naw, na dem go serve, enter my present kon
offa di animals and di blood for di sakrifice, give mi. 16 Na only dem go
enter my temple; serve mi for my altar kon lead odas to woship mi.

17 "Wen dem enter di gate where dem go pass go di kourtyard for inside
di temple, dem must wear linen klot. Anytime dem dey work for di
kourtyard or di temple, make dem nor wear anytin wey dem make with
wool. 18 Dem must wear turban and linen trousers without belt, so dat
dem nor go sweet. 19 Before dem go-go di kourt for outside where pipol
dey, dem go first pul dia klot wey dem wear take work inside di temple
kon leave am for di holy rooms. Dem go wear anoda klot, so dat dia holy
klot nor go tosh pipol.

20 "Make priest nor barb en hair or let am grow too mush. Dem must let
am grow rish one stage kon maintain am like dat. 21 Priests nor go drink
any wine before e go inside di kourt. 22 Priests nor go marry woman wey
nor dey with en husband again; na only Israel woman wey neva sleep
with man before, e go marry or anoda priests wey don die, wife. 23 Na
priests go tish my pipol di difren between wetin dey holy and wetin nor
dey holy; wetin dey klean and wetin nor klean.

24 "Wen any kase dey kourt, na di priests go judge am akordin to my
law. Dem go make sure sey dem kontinue di festival akordin to my rules
and laws and dem must keep di Sabat Day holy.

25 "Anybody wey bi priest must nor tosh dead body, if not, e nor go dey
klean again. Unless di dead body na en mama, papa, pikin, broda or sista
wey neva marry before. 26 Afta e don dey klean again, e must wait for
seven days 27 den kon go di kourt for di temple go offa sakrifice to klean
ensef, so dat e go fit serve for di temple again.

Mi, God wey get pawa, don tok."

28 "Na mi bi di priests propaty for life and una nor go give dem any
propaty; I bilong to dem and evritin wey dem wont, na mi. 29 Di korn
ofrin, di sin ofrin and all di oda ofrins; dem go bi di priests own and evritin
for Israel wey di pipol give mi, go bi di priests own too. 30 Di priests go
get di betta part for evry first fruit or food for Israel and evritin where
Israel pipol go offa give mi. Anytime di pipol bake bread, dem must give
di priests di first bread as ofrin and my blessing go dey dia house. 31 Di
priests nor go chop bird or animal wey die on dia own or wey anoda
animal kill."

# 45

*God Propaty*

1 "Wen dem don divide di land kon give all di tribes for Israel dia share,
dem go dedikate one part give God. E go almost long rish nine mile kon
wide pass three mile. All dis aria go dey holy. 2 For dis aria, one skware
go bi for di temple and na eight hundred and seventy-five fit for each side

and e go get space wey wide rish eighty seven and half fit. 3 Half of dis
aria go almost rish nine mile kon wide pass three mile; di temple wey bi
di Holy Place, go dey inside. 4 E go bi di holy part for di kountry and na
di priests go enter inside go serve God for en temple. Dia house go dey
inside di kompond and my temple go dey der too. 5 Di oda half for di aria
go bi Levi pipol own. Di pipol wey dey do di work for di temple and town,
go get where dem go stay for der too. 6 Near di Holy Place, anoda place
wey almost long rish three mile and wide rish eight and five mile, go dey
for Israel pipol to stay too.

### *Di Prince Land*

7 "Land go dey for di prince wey dey rule. E go get from di boundary for
west for di holy aria go rish Mediterranean Sea and from di boundary for
east go rish di east borda for di kountry and di lengt go bi di same with di
one of di land wey dem give Israel tribe. 8 Dis aria go bi di prince wey dey
rule Israel own, so e nor go opress di pipol again and di remainin part for
Israel go bi di tribes own."

### *Law For Di Prince*

9 God wey get pawa sey, "Una wey bi ruler for Israel, na since una dey
sin! Make una stop una wahala and opreshon. Make una dey do di rite
tin. Una nor go ever drive my pipol komot from dia land again. Na mi
wey bi Oga una God dey tok so. 10 Evribody must measure well So from
naw go, make evribody dey measure well. 11 Di basket wey dem dey use
measure dry tins, must dey ekwol with di one wey dem take dey measure
wota and na di normal size una go use. Di result for di measurement na:
one size must ekwol ten basket and ten baskets must ekwol one bag. 12 Na
so una weigh suppose bi: twenty gerahs must ekwol one shekel and sixty
shekels must ekwol one mina.
13 "Dis na how yu go take give yor ofrins: Wheat: go bi one for evry
six wey yu harvest, Barley: go bi one for evry six wey yu harvest, 14 Olive
oil go bi one for evry ten wey yu produce from yor trees. (Den make
yu measure am with di bottol: 10 bottol na one normal size and e must
ekwol one gallon.) 15 Sheep go bi one out of evry two hundred wey dey
Israel. Una go bring rice ofrin, animal wey dem go burn and animal for
di fellowship ofrin, so dat I go forgive una sins. Mi God wey get pawa don
kommand. 16 All di pipol for di land go take dis ofrin go give di prince wey
dey rule Israel naw. 17 Na en work to bring di animal wey dem go burn,
di korn ofrin for di New Moon Festival, di Sabat Day and di oda festivals.
Na en go provide di ofrin for sins; di korn ofrins, di full animal wey dem
go burn as ofrin and di fellowship ofrin, so dat God go forgive Israel pipol
dia sins."

### *Di Festival*

18 God wey get pawa sey, "For di first day for di first mont, yu go sakrifice
one melu wey dey okay kon klean di temple. 19 Di prince go take some of di
blood kon put am for di four korna for di altar door-mot and di door-mot
wey dem dey pass enter di main kourt. 20 For di sevent day for di mont,
yu go do di same tin for di pipol wey sin and dem nor know sey dem sin.
Like dis, yu dey make di temple dey holy.
21 "For di fourteent day for di first mont, yu go start to celebrate di
Passova Feast. For seven days, evribody go chop bread wey nor get yist.

22 For di first day wey di festival start, di prince wey dey rule go offa one
melu as sakrifice for en sins and for di pipol sins. 23 For each of di seven
days for di festival, e go sakrifice seven ram wey dey okay kon burn dem
give God. Evriday, e go still sakrifice one goat as ofrin for sins. 24 For evry
melu and ram wey e go sakrifice, half bag of rice and three kwota of olive
oil, must dey as ofrin. 25 For di Festival wey go start for di Fifteent day
for di seven mont, di prince go offa di same sakrifice for sin for dat seven
days. E go burn di same ofrin kon give di same korn and olive oil."

# 46

*Di Prince And Di Festival*

1 God wey get pawa sey, "For di six days for di week wen una take dey
work, make dem dey always klose di east gate wey dem dey pass enter di
kourtyard, but make dem open am for Sabat Day and for di New Moon
Festival. 2 Di prince wey dey rule go pass outside di kourt enter di big
room kon stand near di door-mot wen e won burn di sakrifice and offa di
fellowship ofrin. For di gate der, e go woship God kon go out back. Dem
must nor lock di gate till evening. 3 For evry Sabat Day and New Moon
Festival, all di pipol must bow woship God for di gate for front. 4 For Sabat
Day, di prince go offa six sheep and one ram as sakrifice give God and all
di animals must dey okay. 5 For one ram, e go karry half bag of korn follow
am as ofrin and for one sheep, e go take anytin wey e fit take go as ofrin.
For evry half bag of korn ofrin, e go karry three kwota of olive oil follow
body. 6 For di New Moon Festival, e go take one yong melu, six sheep and
one ram and all of dem must dey okay. 7 For one melu and ram, e go take
half-half bag of korn follow body as ofrin and for di sheep, di ofrin go bi
anytin wey e like to offa. For evry half bag of korn ofrin, e go karry three
kwota of olive oil follow body. 8 Di prince must komot from di big room
for di gate kon go back just as e take kom.

9 "Wen dem dey do festival and di pipol kom woship God, anybody wey
pass di nort gate enter go use di sout gate go out afta dem don woship
finish and doz wey enter thru di sout gate go pass di nort gate komot.
Make nobody go out thru di gate wey e take enter, but make e pass di
opposite gate kom out. 10 Di prince go kom inside wen di pipol don kom
and e go komot wen di pipol don go.

11 "For di festival, di korn wey dem go offa go bi half bag with one melu
and ram and anytin wey di pipol won give with dia ram. For evry half bag
for di korn ofrin, dem go karry three kwota of olive oil follow body. 12 Wen
di prince won kom just give God ofrin from en mind, weda na burnt or
fellowship ofrin, dem go open di east gate where dem dey pass enter di
kourtyard, for am. E go give di ofrin just as e dey offa am for Sabat Day
and wen e don go out, dem go must klose di gate."

*Evriday Ofrin*

13 God sey, "For evry morning, una go burn one sheep pikin wey bi one
year as ofrin give mi and e go dey okay. Na evriday una go dey do dis
ofrin. 14 Una go still dey give mi five pound of flower evry morning with
one kwota of olive oil wey dem mix with flower. Una must kontinue to give

dis ofrin forever. [15] Evry morning, una go offa di sheep pikin, di flower
and di olive oil give God as ofrin forever."

### *Di Prince And Di Land*

[16] God wey get pawa sey, "If di prince wey dey rule give any of en land
to en son as gift, dat land go bi di pikin own forever. [17] But if di prince wey
dey rule give any of en land to en savants, e go bi di savant propaty until
wen Freedom Year go rish, before e go bi di prince own again. Na-im and
en son get en propaty dem forever. [18] Di prince wey dey rule nor go take
any propaty wey nor bi en own. Any land wey e give en son must bi from
di land wey bi en own, so dat e nor go opress any of my pipol or take dia
land."

### *Di Temple Kishen*

[19] Den di man take mi go front of di room wey face di nort, near di gate
for di sout-side for di inna kourt. Dis na di holy room for di priests. E
show mi one place for di west side for di room [20] kon sey, "Dis na di place
where di priest go boil di meat, wey dem go offa as sakrifice for sin ofrin
and na der dem go for bake di bread too, so dat dem nor go karry anytin
wey dey holy go outside di kourt kon kause trobol for di pipol by mistake."
[21] Den e karry mi go outside for di kourt kon take mi pass di four korna
for di kourt and each side for di four korna get kourt [22] wey long rish
seventy fit and wide rish fifty-two and half fit. [23] Each of dem get stone
round am and dem still get where dem for dey boil di ofrins under am.
[24] Den di man kon tell mi, "Na dis bi di kishin where di temple savant go
for boil di sakrifice meat wey di pipol offa."

## 47

### *Di Temple River*

[1] Den di man bring mi kom di temple front and I si wota dey kom out
from under di gate dey rush go east; di place wey di temple face. E dey
flow well for di sout-side for di temple near di altar. [2] Di man take mi pass
di nort gate and wi kom out from di temple gate wey face east. And wota
dey flow kom out from di sout-side for di gate. [3] As di man waka go di east
side with en tape, e measure 1,000 and seven hundred and fifty fit, and e
sey make I waka pass am. Di wota rish mi for my leg. [4] Den e measure
anoda 1,000 and seven hundred and fifty fit kon sey make I enter and di
wota kon rish mi for my knee. E measure anoda 1,000 and seven hundred
and fifty fit and dis time di wota kon rish my waist. [5] E still measure anoda
1,000 and seven hundred and fifty fit, den di wota kon turn river and I nor
fit cross am. E too deep to cross escept yu sabi swim. [6] E kon tell mi, "Man
pikin, yu don si dis tin before?"

Den di man take mi go back to di wotaside [7] and wen I rish der, I si sey
many trees dey di wotaside. [8] E tell mi, "Dis wota dey flow go di east, den
from der go Jordan River Valley kon enter di Dead Sea. Afta di wota don
flow go di Dead Sea wey get salt taste, di sea go kon turn to fresh wota.
[9] Anywhere di wota flow go, animals and fish wey dey dat place, go still
dey alive. Di wota go make di Dead Sea wota fresh and anywhere dis wota
flow go, evritin for der, go get life. [10] For En-Gedi go rish En-Eglaim wota,
pipol dey go der go katch fish. Dem dey katch difren fish for der just as

dem dey katch for Mediterranean Sea. 11 But di wota wey dey flow pass
and di ones wey dey di bush side, nor fresh at-all, bikos e dey taste like
salt. 12 For each side for di river, difren trees dey grow for der. Dia leaf
nor go dry and dia fruit nor go fall, but dem go dey produce good food
evry mont and dia leaf go dey cure doz wey dey sick, bikos di wota wey
dey survive dem dey flow kom from di temple."

*Di Land Boundary*

13 God wey get pawa sey, "Dis na di land wey yu go divide among di
twelf tribes for Israel. But Josef tribe go get two. 14 Yu must divide am
ekwol, bikos I promise una grand-grand papa sey di land go bi dia own.
15 "Dis go bi di land boundary and e go bi from di nort side go di
Mediterranean Sea kon rish Hetlon town and from Hamat Pass go Zedad
town; 16 from Berotah and Sibraim (wey dey between Damaskus and
Hamat kingdom) go rish Tikon town (wey dey di boundary for Hauran
kingdom). 17 Di boundary go start from di Mediterranean sea go rish
Hazar Enon town with Damaskus and Hamat boundary for nort. 18 Di
boundary for east na from sout between Damaskus and Hauran with
Jordan River wey bi boundary between Israel land for west and Gilead
for east go rish Tamar for di Dead Sea. 19 Di boundary for sout na from
sout-west for Tamar go rish Kadesh Meribah; den go rish nort-west along
Egypt boundary for Mediterranean Sea. 20 Di west boundary na from
Mediterranean Sea go rish di nort side for west wey bi Hamat Pass.
21 "So, make yu divide dis land among di tribes for Israel. 22 Di strenjas
wey dey among una and di ones wey born dia shidren for here, go still
kollect dia own share wen una dey divide di land. Una go trit dem as una
dey trit Israel pipol and dem go trow dice for each land wey go bi any
tribe for Israel own. 23 Each strenja for di land go kollect dia share with
di tribe wey dem dey stay with.

Mi, wey bi God wey get pawa, don tok."

# 48

*Dem Share Di Land*

1 "Naw, dis na di tribes name: From nort near Hetlon to Lebo-Hamat go
rish Hazar-Enan (wey bi Damaskus boundary near di nort side for Hamat)
wey wide from east go rish west. Dan tribe go get one part. 2 From Dan
boundary for east go rish west, Asher tribe go get one part. 3 From Asher
boundary for east go rish west, Naftali tribe go get one part. 4 From Naftali
boundary for east go rish west, Manasseh tribe go get one part. 5 From
Manasseh boundary for east go rish west, Efraim tribe go get one part.
6 From Efraim boundary for east go rish west, Reuben tribe go get one
part. 7 For Reuben boundary for east go rish west, Judah tribe go get one
part.

*Di Land Centre*

8 "Di oda part for di land, una go keep am well. E go almost wide rish
nine mile from nort go sout and e go get di same lengt from east go west,
just as dem give each tribe. Di temple go dey for dis space. 9 Di land wey
una keep for God so, go almost long rish nine mile kon wide rish like four
mile. 10 Dis na how una go divide di holy aria: di priests land go long rish

eight and one kwota mile from west kon wide rish three and kwota mile;
e go bi di same measurement from nort go sout. God temple go dey di aria
centre. 11 Dis holy aria go bi for di priest wey bi Zadok shidren-shidren.
Na dem dey serve mi and dem nor join Israel pipol sin against mi, just as
Levi tribe do. 12 So dem go get one special aria near Levi pipol and na der
go dey holy pass.

13 "Levi shidren go get special place for der and e go dey di sout-side
near di priests. E go long rish nine mile kon wide like three and kwota
mile for west; di measurement na di same from nort go rish di sout-side.
14 Di aria wey dem leave for God, must bi di best part for di land and make
dem nor sell, shange am or gi-am to anybody. Bikos e dey holy and na God
get am.

15 "Di part wey remain for di special aria, wide rish one and kwota mile
kon long like eight and one-kwota mile. So make una stay and use der
as una like for di town. Di town go dey for di centre 16 and each side go
bi one and half mile. 17 Di town go get enough space, each side go long
and wide rish four hundred and thirty-seven and half fit. 18 Di land wey
remain for di town, afta dem don build house put and di holy aria, na four
hundred and thirty-seven and half mile for di east and four hundred and
thirty-seven and half mile for di west and di pipol wey dey stay di town go
use am do farm. 19 Anybody wey dey stay di town, no matter en tribe or
who e bi, fit farm for di land. 20 So di total aria for di centre wey remain,
go bi eight and one kwota mile skware for each side and di aria where di
town dey, join dat measurement too.

21 "Apart from di east go rish di west for dis aria where di temple dey,
di priests land, di Levi land and where di town dey, na di prince wey dey
rule get di remainin land. 22 Di land na from east go di boundary; from
west go Mediterranean Sea; di nort aria wey bi Judah own and di sout-side
wey bi Benjamin own.

### *Di Oda Tribes Land*

23 "As for di rest tribes: from di east side go rish di west side, Benjamin
tribe go get one part. 24 From Benjamin boundary for east go rish di west,
Simeon tribe go get one part. 25 From Simeon boundary for east go rish di
west, Issakar tribe go get one part. 26 From Issakar boundary for east go
rish di west, Zebulun tribe go get one part. 27 From Zebulun boundary for
east go rish di west, Gad tribe go get one part. 28 From di sout-side wey dem
share give Gad, di boundary go bi from: di sout-west from Tamar go rish
Kadesh and from nort-west along Egypt boundary go rish Mediterranean
Sea. 29 Dis na di share for di land wey yu go give Israel tribes and e go bi
dia own.

God wey get pawa don tok."

### *Jerusalem Gate*

30 "Na twelf gates go dey Jerusalem and three-three go dey di wall for
di four side for di town. Wen dem measure di nort side, na one and half
mile e bi. 31 Dem koll di gates for di town afta Israel tribe; three gates dey
nort: one for Reuben, one for Judah and di last one for Levi tribe. 32 For
di east side, e rish one and half mile and na three gates go dey here too:
one for Josef, one for Benjamin and di oda one for Dan tribe. 33 Wen dem
measure di sout-side, na one and half mile and na three gates dey der too:

one for Simeon, one for Issakar and di last gate for Zebulun. 34 Di west
side long rish one and half mile and three gates go dey der too: one for
Gad, one for Asher and di last one, go bi for Naftali tribe. 35 Di total lengt
for di wall for di four side for di town go bi six mile. So, from dat day go,
dem go dey koll di town: 'God Dey Der.' "

# Daniel
## Introdushon

Dem rite dis book wey dem dey kol Daniel for two main way: one na like kourt story and di oda one na like wahala. Di first set tok about six story of how God take protet and promote four yong men wey dem katch karry go Babilon from Israel. God diliver Daniel and en friends Shadrak, Meshach and Abednego from all di wiked and bad plans, bikos dem show how dem dey faithful to God wey dey mighty. God give Daniel di pawa to take tok wetin dreams mean and dis kon make am get betta pozishon for di royal kourt for Babilon and leta for Persia kingdom.

Di sekond part for di book tok about di vishons and message wey Daniel receive from God thru en angels. Na sekret language God take tell am dis vishons and na simbol of wahala E take dey espress dem. For ezample, wi si wetin dem rite about Near Eastern history: Babilon and Persia kingdom; about Alexanda di Great; and di fight-fight wey Ptolemais for Egypt and Seleucid for Syria, dey fight. Di vishon tok about one sturbon ruler wey dey kom, wey bi Seleucid ruler Antiochus IV Epifanes, wey skata Jerusalem temple for 167 BC. Na dis one kause Mackabean fight wey free di nashon kon make pipol dey woship Israel God again. Wen pesin undastand di vishons for dis book, e go help am no how e go bi wen dis present age don finish and e show sey na di time wen God pipol and dia enemies go get sirious wahala. Di only tin wey nor go let God pipol faint, vex or taya, na bikos dem know sey for di end, dem go get dia kingdom back.

*Daniel For Babilon*

1 For di third year wey King Jehoiakim dey rule for Judah, King
Nebukadnezzar for Babilon kon attack Jerusalem. 2 God allow King
Nebukadnezzar katch King Jehoiakim and e karry some of di tins wey
dey God temple too. E karry Judah pipol as prisonas go Babilon and di
tins wey e karry from Jerusalem, e put dem for en own juju temple.
3 Den di king kommand Ashpenaz wey dey guide di kourt sey make e
choose some Israel men wey kom from royal house and from betta family:
4 yong men wey nor get any diziz for body; wey fine; wey dem don train
and wey go fit learn kwik-kwik, so dat dem go dey serve and work for di
king palis. E still sey make Ashpenaz tish dem di language and evritin for
Babilon. 5 Di king still orda sey make dem give dem di same food and wine
wey en and di oda pipol dey chop and drink evriday. E sey dem go train
dem for three years and afta di three years, dem go kom serve di king.
6 Di pipol wey dem choose from Judah na: Daniel, Hananaya, Mishael and
Azaraya. 7 But di pesin wey bi guide di kourt kom shange dia names. E give
Daniel, Belteshazzar; Hananaya kon bi Shadrak; Mishael kon bi Meshak
and Azaraya kon bi Abednego.
8 But Daniel kon decide sey e nor go chop di sweet food and wine wey
dem dey serve for di king palis, bikos e nor won dey unklean. So e beg
di pesin wey dey lead dem sey, en nor won chop di royal food or drink di
wine. 9 So God kon make Ashpenaz mind soft and e gri with wetin Daniel
tell am. 10 So e tell Daniel, "I dey fear my masta di king. Na-im tok di kind

food wey una go chop and wine wey una go drink; wot of if e sey yu dey
tin and di oda yong men dey fat! Wetin I go tell am? 11 Den Daniel go
meet di pesin wey Ashpenaz sey make e dey guide en, Hananaya, Mishael
and Azaraya kon tell am: 12 Abeg make yu test yor savants for ten days.
Just give us vegitabol make wi chop and wota make wi dey drink. 13 Afta
di ten days, make yu kompare us with di odas wey dey chop and drink di
king food and wota; den yu go judge us with wetin yu si." 14 Di pesin wey
dey guide dem so kon gri with wetin e tok and e test dem for ten days.
15 Wen ten days don finish, dia body betta and dem get flesh pass di yong
men wey dey chop and drink di royal food and wine. 16 So di pesin wey
dey guide dem kon remove di royal food and wine wey di king sey make
dem chop, den dem kontinue to chop dia vegitabol and drink wota. 17 God
kon give dis four men good sense; difren gift and wisdom. God give Daniel
di gift to take tell pipol wetin vishon and dreams, mean.
18 Afta three years, Ashpenaz kon take all di yong men go meet King
Nebukadnezzar. 19 Den di king follow dem tok. E nor si anybody wey bi
like Daniel, Hananaya, Mishael and Azaraya. So dem kon bi memba for
di king kourt. 20 Any matter wey koncern wisdom and knowledge wey di
king ask dem, e dey si sey dia ansa betta well-well pass di ansa wey all
di wise men, majik pipol and di pipol wey dey tok wetin go happen for
future, dey give. 21 Daniel stay for di royal house until di first year wen
King Cyrus start to rule.

# 2

*Nebukadnezzar Dream*

1 For di sekond year wen Nebukadnezzar dey rule, e kon dream many
dreams. Di dreams dey disturb en mind and e nor fit sleep, 2 so di king
kon sey make dem koll all di majishan; doz wey dey si vishon and di wise
men, so dat dem go tell am wetin en dream mean. Wen dem kom, dem
kon tell di king make e tell dem di dream.
3 But di king sey, "I nor fit remember wetin I dream and I nor know wetin
di dream mean." 4 Di wise men kon tell di king for Aramaik language sey:
"Awa king, make yu live forever! Make yu tell yor savants di kind dream
wey yu dream and wi go tell yu wetin e mean." 5 Di king ansa di wise
men, "I don tok for my mind sey una go tell mi my dream and wetin e
mean. But if una nor fit tell mi di dream and wetin e mean, den I go make
sure sey dem kut una to pieces kon skata una house! 6 But if una fit tell
mi di dream and wetin e mean, I go give una gifts. I go reward and honor
una. So make una tell mi di dream and wetin e mean." 7 Dem tell di king
again, "Abeg! Make yu tell us yor dream and wi go tell yu wetin e mean."
8 Di king ansa, "I know sey una dey try to waste time, bikos una si sey I
don tok wetin I go do. 9 If una nor tell mi di dream naw, na only one tin
go happen to una. Una dey plan to lie give mi, bikos una bilive sey I fit
shange my mind leta. So make una tell mi di dream and I go know sey
una fit tell mi wetin e mean."
10 Di wise men tell di king, "Nobody for dis world fit tell di king wetin e
dream and know king don ever do dis kind tin to majishan, wise men or
pipol wey dey si vishon. 11 Wetin di king dey ask for, nor dey eazy. Nobody
for dis world fit tok di king dream escept di gods, but gods nor dey stay
with human being!"

12 Bikos wetin dem tok make di king vex, e kon sey make dem kill and
distroy all di wise men wey dey for Babilon. 13 So dem make law to kill all
di wise men and Daniel and en friends dey join doz wey dem won kill so.
14 Den, Daniel go meet Ariok wey dey kommand di king bodyguard and
na-im won kill dem. So e tok to am with wisdom. 15 E ask am, "Wetin make
di king take dis kind wiked decision?" Den Ariok tell Daniel wetin happen.
16 Den Daniel go tell di king sey make e gi-am time and e go tell di king
di dream and en meaning. 17 Daniel go house go tell e friends, Hananaya,
Mishael and Azaraya wetin dey happen. 18 E kon ask dem to pray to God
wey dey heaven make E for sorry for dem kon show dem di dream and
en meaning, so dat en and en friends nor go die with di oda-wise men for
Babilon. 19 For nite, God show and tell Daniel evritin thru dream. Den
Daniel praiz God wey dey heaven 20 kon sey,

"Make wi praiz God name forever and ever,
bikos na-im get wisdom and pawa.
21 Na-im dey shange time and sizin;
dey make and distroy kings.
E dey give wisdom, undastandin and knowledge
to wise pipol.
22 All di sekret tins wey dem hide,
E dey bring am out;
E know wetin dem hide for darkness
and na lite E take kover ensef.
23 I praiz and honor Yu,
di Oga wey bi my papa dem God.
Yu don give mi wisdom and pawa;
Yu don ansa my prayers
kon show mi wetin I go tell di king."

24 So Daniel go si Ariok (wey di king don tell make e kill di wise men for
Babilon). E kon tell am, "Make yu nor kill di wise men for Babilon! Just
take mi go meet di king and I go tell am en dream and wetin e mean!"
25 So Ariok kwik-kwik take Daniel go meet di king kon sey, "I don si
one man wey wi karry kom from Judah, e go tell yu yor dream and wetin
e mean." 26 Den di king kon ask Daniel (wey en name na Belteshazzar),
"Yu go fit tell mi di dream wey I dream and wetin e mean?" 27 Daniel
ansa, "Di dream wey di king dream so, na dat kind dream wey wise men,
pesin wey dey si vishon and majishan, nor go fit tok. 28 But, e get one God
wey dey for heaven wey dey open sekret and tell dreams. E don tell King
Nebukadnezzar wetin go happen for future. Dis na di dream and vishon
wey yu si:
29 "As yu dey sleep for yor bed, yu kom dey tink of di future. God wey
dey show pipol dream, don show yu wetin go happen. 30 Naw, God tell
mi dis dream nor bi bikos na mi wise pass, but na to make yu my king,
undastand wetin yu dey tink for yor mind.
31 "My king, for yor vishon, yu si one big image wey stand for yor front!
E dey shine well-well and fear nor let yu look am. 32 Na gold dem take
make di image head; en chest and hand na silva, while from en belle go
down, na bronze. 33 En leg na iron, but en toe na both iron and san-san.
34 As yu dey look, one hand wey nor bi human being own kon kut one
stone. Di stone fall on-top di image iron leg and di image kon skata to

pieces. 35 Den all di iron, gold, silva and bronze kon bi like san-san for
dry sizin. Breeze blow kon karry all of dem go and dem nor si dem again.
But di stone wey skata di image, grow turn to mountin kon kover di eart.
36 Dis na di dream. Naw I go tell my king wetin e mean:

37 "My king, yu get pawa pass any oda king. God wey dey for heaven
don make yu leader kon give yu pawa, strent and honor. 38 E don make yu
ruler ova human being, animals and birds for dis eart. Na yu bi di head
among all gold. 39 But afta yu, anoda kingdom go kom, dem nor go get
pawa rish yor own and afta dat one, di third kingdom wey bi bronze, wey
go rule di whole eart, go kom. 40 Den, di nomba four kingdom go kom and
e go strong like iron wey go skata evritin to pieces. E go skata and distroy
all di kingdoms wey dey before. 41 Yorsef si di leg and di toe wey dem
make with iron and san-san. Dis one mean kingdom wey divide into two.
Some of en pawa go bi like iron, aldo dem mix di iron with san. 42 Di toes
wey dem make with iron and san mean sey, wen di kingdom don dey old,
some part go strong and some part go weak. 43 Di san and iron wey mix
togeda still dey show sey dis kingdom go try gada oda pipol join demsef
thru marriage, so dat dem go dey strong, but dem nor go fit stay togeda
just as iron and san nor fit mix. 44 For di time wey dis kings go dey rule,
God wey dey heaven go raiz one kind kingdom wey nor go ever end. Dem
nor go fit distroy di kingdom and anoda pesin nor go rule am. E go distroy
and skata all di oda kingdoms. But dis kingdom go stand forever. 45 My
king, yu si sey di stone kut komot from mountin, but nor bi human being
hand kut am. E skata di iron, bronze, silva, klay and gold to pieces. God
Almighty don show di king wetin go happen for future. I don tell yu yor
dream and wetin e mean."

46 Den King Nebukadnezzar bow face groun kon sey make dem sakrifice
and offa ofrin for Daniel. 47 Di king sey, "Na yor God big pass among all
gods! Na-im bi God of all kings and E dey show pipol wetin dey sekret and
na-im make yu fit tok all dis tins so!" 48 So di king give Daniel high post
with many fine gifts. E gi-am pawa for evry aria for en kingdom kon make
am leader ova all di wise men for Babilon. 49 Daniel beg di king make e
promote Shadrak, Meshak and Abednego, so dat dem go dey handle some
issues for Babilon. Daniel, ensef kon dey serve for di king palis.

# 3

*Dem Test Daniel Friends*

1 King Nebukadnezzar build one gold image. E tall rish ninty fit and na
so too e wide rish nine fit. Di king put di image for Dura aria for Babilon.
2 Di king sey, doz wey bi offisa, prince, govnor, judge, wise men, kounselor,
treasurer, magistrate and doz wey get pawa, make dem koll dem kom di
image dedikashon. 3 So all of dem gada kom di king image dedikashon.
Dem stand for di image front.

4 Den di pesin wey dey announce kon shaut sey: "Pipol from all nashon,
tribe and language, make una listin to mi! 5 Wen una hear trumpet sound
wen dem dey play di horn, lyre, jita, zita, harp with di oda instrument
and di song, evribody must bow kon woship di image wey di king use gold
make. 6 Anybody wey nor gri bow woship di gold image, dem go trow
am inside hot fire." 7 So, as dem hear music and all di oda instrument
sound, di pipol kon bow woship di gold image wey Nebukadnezzar make.

8 For dat time, some Babilon pipol kon go ripot di Jew dem give di king.
9 So, dem tell King Nebukadnezzar, “Awa king, make yu live forever! 10 Yu
orda sey, wons wi hear di music dey play, evribody must bow kon woship
di gold image 11 and anybody wey nor gri bow woship di image, dem go
trow am inside fire. 12 E get some Jew wey yu put as oga for some aria
for Babilon, dem nor gri bow woship di image and dia name na: Shadrak,
Meshak and Abednego.”

13 Wen di king hear wetin dem tok, e vex kon sey make dem go bring
di three men kom en front. 14 Wen Shadrak, Meshak and Abednego kom,
di king ask dem, “Na true sey una nor gri woship or bow to di image wey
I make? 15 So naw, if una don ready, wons una hear di trumpet, di horn,
lyre, jita, harp and all di oda instrument sound, make una bow woship di
image. If una nor gri, na wons I go trow una enter di fire. Abi una tink sey
any god dey wey go save una?” 16 Shadrak, Meshak and Abednego ansa
King Nebukadnezzar, “Wi nor fit ansa yu for dis matter. 17 If di God wey
wi dey serve dey alive, E go kom save us from yor hand and from di hot
fire. 18 But even if E nor save us, wi wont make yu know sey, wi nor go
serve or woship yor gold image.”

19 King Nebukadnezzar vex well-well and en face kon dey red for
Shadrak, Meshak and Abednego. Den e orda sey make dem heat di fire
seven time, so dat e go hot well-well. 20 E sey make strong sojas tie Shadrak,
Meshak and Abednego kon trow dem inside di hot fire. 21 Dem tie di three
men, wear dem klot, nika and priest kap kon trow dem inside di hot fire.
22 Bikos di king kommand too dey kwik and di fire dey hot pass normal,
di men wey go trow dem for inside di fire die too, bikos of di way di fire
dey hot. 23 Shadrak, Meshak and Abednego wey dem tie dia hand and leg
well-well, fall enter di fire centre.

### *God Diliver En Savants*

24 King Nebukadnezzar get up at wons kon ask, “Shebi na three pipol wi
trow inside di fire?” Dem ansa di king, “Yes.” 25 Di king kon tell dem, “But
I dey si anoda pesin for der, dem nor tie am and e just dey waka round di
fire! Nor-tin don happen to dem! And di nomba four pesin bi like angel!”
26 Nebukadnezzar waka near di fire door kon koll dem, “Shadrak, Meshak
and Abednego; God Almighty savants, make una kom out!”

Den Shadrak, Meshak and Abednego kon waka komot from di hot fire.
27 Di offisa, wise men, govnor and ministers wey dey serve di king, gada
kon si sey di men wey dem trow for di fire, nor wound at-all! Nor-tin even
tosh dia hair or sey dia klot burn. Even di fire sef nor smell for dia body!

28 Nebukadnezzar kon sey, “I praiz Shadrak, Meshak and Abednego God,
bikos na-im send en angel kom diliver en savants wey trust am. Dem
nor gri obey di king kommand! Instead make dem bow woship my god,
dem risk dia life kon sey, ‘Na only awa God wi go woship.’ 29 Naw, I dey
kommand sey evribody for dis land wey go tok anytin against Shadrak,
Meshak and Abednego God, dem go kut am, just as dem dey kut leaf kon
distroy en house.” 30 So Nebukadnezzar kon promote Shadrak, Meshak
and Abednego.

## 4

### *Nebukadnezzar Dream Again*

1 King Nebukadnezzar send message go meet all di pipol for Babilon sey:
"Make e betta for una! 2 I dey happy to tell una di many signs and wonders
wey God Almighty don do for mi.
3 "Di sign dem wey E show us dey great well-well!
Even en wonders dey mighty!
God kingdom go dey forever
and en pawa go last from awa generashon
go rish di next one."

*Nebukadnezzar Dream About Tree*

4 Mi wey bi Nebukadnezzar dey live for peace for my palis, I dey enjoy
betta tins. 5 But I dream one bad dream wey make mi fear. Wetin I dey tink
as I sleep for my bed and di vishon for my mind really make mi fear well-
well. 6 So I orda make dem koll all di wise men for Babilon, so dat dem go
tell mi wetin di dream mean. 7 Wen di majishan, pipol wey dey si vishon,
wise men and odas kom, I kon tell dem di dream, but nobody among dem
fit tell mi wetin e mean. 8 Afta, Daniel (wey en name na Belteshazzar wey
bi my god name and di holy gods spirit dey with) kon enter. So I tell am
my dream sey: 9 "Belteshazzar, na yu bi di majishan dem oga; I know sey
di gods spirit dey inside yu and e nor get any dream or vishon wey yu nor
know en meaning. I go tell yu my dream and yu go tell mi wetin e mean!
10 Dis na di dream wey I dream: Wen I dey sleep for nite, I si one tree wey
dey di land centre.

11 "E tall rish di sky and yu go si am for anywhere wey yu dey for dis
world. 12 Di tree leaf fine well-well and fruits wey go beleful evribody, full
am. Wild animals dey stay under am and birds dey stay for en branches
dem. Evritin wey God kreate, dey chop from am. 13 Wen I still dey tink
about dis dream, I kon si one angel dey kom down from heaven. 14 E shaut
kon sey, 'Make una kut di tree kon distroy en branches; remove en leaf
and skata en fruits. Make una drive di animal komot from under am and
di birds wey dey en branches! 15 But leave di body for groun kon kover
am with iron and bronze. Leave am for der with di grass; make dew wet
am and make e stay with di animals and grass. 16 Make e stop to tink like
human being. Make dem gi-am animal mind and e go dey like dat for
seven years. 17 Dis na di decision wey di angel make. So, make evribody
wey dey di world know sey di Most High God get pawa ova evry kingdom
and E dey gi-am to anybody wey E choose! Even to di pipol wey small
pass!'

18 "Dis na di dream wey mi, King Nebukadnezzar dream. So Belteshaz-
zar, make yu tell mi wetin di dream mean, bikos nobody among di wise
men fit tell mi wetin e mean apart from yu, bikos di holy gods spirit dey
inside yu."

19 Den Daniel (wey en name na Belteshazzar) kon dey worry sotey e nor
fit tok anytin. Di king kon tell am, "Belteshazzar, make yu nor let dis dream
and en meaning worry yor mind." Daniel ansa, "My king, e for betta sey
dis dream na for yor enemy and wetin e mean, na for di pipol wey dey
trobol yu! 20 Di tree wey yu si, wey grow big and strong rish heaven, wey
dem fit si from any part for di world. 21 Tree wey get fine leaf and fruit
wey go beleful evribody wey dey di world and where wild animals and
birds dey stay, 22 na yu, my king! Yu don dey big and strong; yu don big
sotey yu dey rish di heaven and yor pawa rish di end for di world. 23 For

di dream, yu si angel kom out from heaven kon sey, 'Make una kut and distroy di tree, but make una leave di body for groun. Make una kover am with iron and bronze. Make una leave am for der with di grass, so dat dew wey dey fall from di sky go wet am, den make e stay with animals for bush.' "

### *Daniel Tok Di Meaning*

24 Dis na wetin e mean, "My king! Na wetin di Most High God tok, dey
happen so. 25 Dem go drive yu komot from where human being dey stay
and yu go stay with animals. Na seven years yu go take chop grass like
melu and yu go sleep for open field where dew go fall for yor body, until
yu go know sey na di Most High God get pawa ova evry kingdom and E
dey gi-am to anybody wey E like. 26 Wen dem sey make dem leave di tree
body for groun, e mean sey dem go give yu back yor kingdom wen yu don
know sey na God bi Oga of all ogas for dis world. 27 So, my king! Make yu
follow my advise. Make yu turn from sin kom meet God; dey do good and
sorry for poor pipol. Den yu go kontinue to prosper."

28 So, all dis tins happen to King Nebukadnezzar. 29 Afta twelf monts, as
e dey waka for di roof for en palis for Babilon. 30 E kon sey: "Dis nor bi
di great Babilon wey bi di royal town wey I build by mysef to show my
pawa, strent, glory and honor?" 31 As e still dey tok, one vois kom from
heaven kon sey: "King Nebukadnezzar, make yu hear wetin I dey tok, God
don komot yor kingdom from yor hand! 32 Dem go drive yu komot from
where human being dey and yu go stay with animals. Na seven years yu go take chop grass like melu kon sleep for open field where dew go fall for yor body, until yu go know sey na di Most High God get pawa ova evry kingdom and E dey gi-am to anybody wey E like."

33 So, di word wey God tok about Nebukadnezzar kon happen. Dem drive am komot from where human being dey and e kon go stay with animals. E chop grass like melu for seven years and dew fall for en body, until en hair kon long like eagle feada and en finger long like bird own.

34 But wen di seven years don pass, mi, Nebukadnezzar kon look heaven and my sense kom back to mi.

I praiz di Most High God
kon give honor and glory
to di Pesin wey dey live forever
and en kingdom go last forever.
35 Yu nor fit kompare God
with anybody for dis world.
E dey do wetin E like with di angels for heaven
and pipol for dis world.
Nobody fit shalenge or ask am,
"Wetin Yu tink sey Yu dey do?"

36 Wen my mind don kom back to mi, dem kon give mi back my kingdom,
pawa and glory. My ministers and royal men welkom mi back and dem
give mi my royal pawa and di honor wey I kom get, big pass di first one.
37 Naw, mi Nebukadnezzar praiz, woship and hail di King wey dey heaven.
Evritin wey E dey do dey rite and en ways dey pure. Pipol wey dey karry body up, E dey bring dem down.

# 5

*Belshazzar Si Writing For Wall*

1 King Belshazzar do party for en royal men wey rish 1,000 and e kon
drink wine togeda with dem. 2 As dem dey drink, King Belshazzar orda sey
make dem bring all di gold, silva and bowl wey en papa Nebukadnezzar
karry kom from God temple for Jerusalem. Di king sey make dem bring
dem kom, so dat en, en ofisas, en wife and girl-friends go use dem drink
wine. 3 So, dem bring di gold cup and di bowl kom and dem use am take
drink wine 4 kon dey praiz dia god wey dem make with gold, silva, bronze,
iron, wood and stone.

5 At wons, one finger appear kon dey rite for di palis wall near where
di lamp for dey shine well-well and di king si di hand wey dey rite for
di wall. 6 Bikos e dey fear, en face kon dey red and all en body kon dey
shake. 7 Di king kon sey make dem go koll all di wise men, pipol wey dey
si vishon and majishan kom. Den e tell dem, "If anybody fit read wetin
dem rite for di wall kon tok wetin e mean, dem go wear am purpol royal
garment kon gi-am gold shain wey get honor, den e go bi di nomba three
pesin wey get pawa pass for dis kingdom."

8 So di wise men kom, but dem nor fit read wetin dem rite or tell di
king wetin e mean. 9 Dat time, King Belshazzar kon dey fear well-well and
shake anyhow, but en royal men nor even know wetin dem go do.

10 Bikos of di many nois wey dem dey make, di king mama enter di hall
kon sey, "My king, yu go live forever! Abeg nor let dis tin shake yor mind
and make yu nor fear! 11 E get one man for dis yor kingdom wey get di
holy gods spirit inside am. Di time wey yor papa, Nebukadnezzar bi king,
naim dey kommand all di wise men for Babilon. 12 E get one kind pawa
with knowledge and wisdom. E dey solve problem wey pesin nor know.
E go tell yu wetin dream or vishon mean; so make yu send for dis man,
dem dey koll am Daniel wey di king shange en name to Belteshazzar and
e go tell yu wetin di writing mean."

13 So dem bring Daniel kom meet di king. Den di king ask am, "Na yu
bi di Daniel wey my papa bring kom from Judah? 14 I don hear about
yu; how di holy gods spirit dey inside yu and yor knowledge, wisdom and
undastandin. 15 Si, dem bring di wise men and majishan kom here make
dem read wetin dey di wall kon tell mi wetin e mean, but dem nor fit read
am tok-less of to know di meaning. 16 Naw, I don hear sey yu dey fit tok
meaning and esplain wetin pesin nor undastand. If yu fit read dis writing
kon tell mi wetin e mean, yu go wear royal purpol; dem go put gold shain
for yor neck and na yu go bi nomba three man for dis kingdom."

*Daniel Read And Tok Di Meaning*

17 But Daniel ansa, "My king! Make yu keep yor gifts kon honor anoda
pesin. But I go read wetin dey di wall kon tell yu wetin e mean. 18 Di
Most High God make yor papa Nebukadnezzar get kingdom wey strong
well-well and E give yor papa respet, honor and majesty. 19 Yor papa great
well-well, sotey all di pipol, nashon and language dey shake and fear am.
E dey kill who e won kill kon honor who e like honor or disgrace who e
won disgrace. 20 But e kom dey karry body up, dey sturbon and pride kon
full en spirit, so God remove am from en throne and e kom lost en respet.
21 Dem porshu am komot for where human being dey. En mind kom bi

like animal own and e kon dey follow wiked donkeys dey stay. E dey chop
grass like sey e bi melu kon dey sleep for bush and e nor get anytin to take
kover en body from dew wey dey fall. Na so e bi until e kom bilive sey na
God dey rule ova human being and dey give leadership to anybody wey E
like.
22 "But yu, Belshazzar wey bi Nebukadnezzar pikin, neva gri respet God,
even doh sey yu know all dis tins wey happen. 23 Instead, yu dey against
God wey get heaven and eart. Yu bring all di tins from di temple, den yu
and yor men, plus yor wife and yor girl-friends kon use dem dey drink
wine. Yu dey praiz di gods wey dem make with gold, silva, bronze, iron,
wood and stone; gods wey nor even fit si, hear or undastand! But yu neva
ever praiz God wey dey kontrol yor life and ways! 24 Na dis make God
send di hand kom rite all dis words for di wall.
25 "Dis na wetin di hand rite: MENE, MENE, TEKEL and FARSIN (E mean,
NOMBA, NOMBA, WEIGH, DIVISION). 26 And dis na wetin e mean: mene
(nomba) mean sey: 'God don nomba di days wey yu go rule and E go end
am.' 27 Tekel (weigh) mean sey: 'God don weigh yu for skale kon si sey yu
dey lite.' 28 Farsin (division) mean sey: 'Dem go divide yor kingdom give
Mede and Persia pipol.' "
29 Just as di king tok, dem kon wear royal purpol klot give Daniel; put
gold shain for en neck kon make am di nomba three man for Babilon. 30 So
for dat nite, dem kon kill Belshazzar wey bi Babilon king. 31 Darius wey
bi Media pipol king kon take-ova di kingdom and dat time, e bi sixty-two
years.

# 6

### *Daniel Inside Lion Pit*

1 Darius choose one hundred and twenty govnors wey go kare for di
whole kingdom. 2 Den di king choose three pesin wey go dey shek wetin
di govnors dey do and Daniel dey among di three wey dey make di govnors
do wetin di king wont. 3 Naw as e bi, di work wey Daniel dey do, show sey
e betta pass oda supavisors and ofisas. So bikos Daniel get betta wisdom,
di king kon plan sey, make only Daniel dey in-chage of di whole kingdom.
4 So di oda two men and di govnors kon dey find how dem go take trap
Daniel, but dem nor si, bikos all wetin Daniel dey do, dey rite. 5 So dem
kon sey, "Wi nor go si anytin wey wi fit take whole Daniel, unless sey na
sometin wey koncern en God."
6 So dem go meet King Darius kon tell am, "Awa king! Make yu live
forever! 7 All of us wey dey rule yor kingdom, doz wey dey wosh wetin
wi dey do; di kounselor, wise men and all di oda royal men, don gri sey
make yu give orda kon back am with pawa sey, 'For thirty days, anybody
wey pray to any god or human being wey nor bi yu, make dem trow am
for lions pit.' 8 Abeg, awa king, make yu give and sign dis orda, so dat
nobody go fit shange am and e go bi like Mede and Persia Law wey nor
dey shange." 9 So King Darius give and sign di orda.
10 Wen Daniel hear wetin happen, e kon go en house. E klimb go one
room for up wey en window face Jerusalem. Just as e dey do before, e
knee down for di window wey open kom pray give God and e dey do am
three times evriday. 11 Wen Daniel enemies know sey e dey pray to God,
12 all of dem gada go meet di king kon tell am, "Awa king! Shebi yu sign

orda sey for thirty days make anybody nor pray give human being or gods
escept yu and yu sey who pray give any oda god, make dem trow am for
lion pit?" Di king ansa, "Una dey korrect! E dey for Mede and Persia Law
and dem nor go fit shange am." 13 So dem tell di king, "Daniel, wey bi one
of di pipol wey dem bring kom from Judah, nor gri respet di king orda
at-all. Na three times a day, e dey pray give anoda God."
14 Wen di king hear wetin dem tok, e nor happy and e kon try to save
Daniel komot from dia hand. Until aftanoon dat day, e still dey find how
e go take save Daniel. 15 Daniel enemies tell di king, "Awa king! Yu know
sey Mede and Persian Law sey, any orda wey di king give, nobody go fit
shange am." 16 So di king sey make dem go trow Daniel for di lion pit. Di
king tell Daniel, "Yor God wey yu dey serve evritime, go save yu!" 17 Dem
remove di stone from di pit mout and di king put en own royal seal with
en royal men own, so dat nobody go kom save Daniel. 18 Den di king go
back to en palis. But for nite, di king nor fit chop, sleep or sey make dem
play music for am.

### *God Save Daniel*

19 As day just break, di king kon rush go di lion pit. 20 As e rish der, e
kon shaut, "Daniel, God wey nor dey die savant! Di God wey yu dey serve
fit save yu?"
21 Daniel kon ansa di king from di pit, "My king, yu go live forever! 22 My
God send en angel kom klose di lion dem mout, so dat dem nor go tosh
mi, bikos E si and know sey I nor do anytin. And I neva still do any bad
tin to yu, my king."
23 Di king kon dey happy, so e orda make dem bring Daniel kom out from
di pit. Dem bring Daniel out from di pit and e nor get sore for body or
any mark, bikos e bilive di God wey e dey serve. 24 Di king kon orda sey,
"All di pipol wey lie for Daniel head, make dem katch dem, dia wifes and
shidren kon trow dem for di lion pit." Dem nor even rish groun before di
lion dem bigin chop dem with dia bones.
25 King Darius kom rite give all di pipol, nashon and language wey dey
di land sey: "I greet una! 26 I dey kommand sey, 'Make evribody wey dey
dis kingdom, fear and respet only Daniel God.'
"E go rule forever,
bikos E nor dey die.
Dem nor go fit distroy en kingdom
and en pawa nor get end.
27 E dey perform mirakle and wonders
for heaven and for dis eart,
E dey diliver and save pipol well-well.
E don save Daniel from lions mout."
28 Wen Darius still dey rule for Babilon and Cyrus dey rule for Persia,
Daniel kom prosper well-well.

## 7

### *Daniel Si Vishon*

1 Di first year wen Belshazzar bi king for Babilon, Daniel dream one kind
dream kon si plenty vishon wen e dey sleep, so e rite di dreams for book.
2 Daniel sey: "As I dey dream dat nite, I kon si breeze dey blow from di

four korna for di eart and di sea dey make strong nois. 3 Den four big
beast kom out from di sea and dem dey difren from each oda.
4 "Di first one bi like lion wey get eagle feada. As I dey look am, dem
remove di feadas kon karry am komot groun. Dem make am stand with
two leg like human being kon gi-am human being mind.
5 "Di sekond beast bi like bear. Dem karry am for one side. E get three
rib for en mout and dem dey en tit centre. So I hear wen one vois tell am,
'Get up make yu go chop pipol until yu beleful.'
6 "Afta all dis tins, as I dey look, anoda beast wey bi like leopard kon
kom out with four feada for en back, di feada bi like bird own. Dis beast
get four head and dem kom gi-am pawa to rule.
7 "As I still dey look for di vishon, di nomba four beast kom out: E get
pawa, e wall-wall and pipol dey fear am well-well. En tit dem na iron. E
dey distroy and skata anytin kon use en leg take skata wetin remain. E
dey difren from all di beast wey first kom and e get ten horn.
8 "As I still dey look di horn, I si anoda small horn dey kom out from di
big wons and three of di former horn kom skata make dis ones for fit kom
out. Dis horn get eye wey bi like human being own and mout wey e take
dey tok anyhow.
9 "As I still dey look, dem kom set throne and Oga God wey nor dey die
kon sidan put. En klot dey white like snow and en hair bi like lamb skin.
En throne dey bring fire like sey di wheel dey burn. 10 River with fire
dey kom out from di throne. Pipol wey dey woship am, many well-well.
Many-many pipol still dey wait to kom woship am. Den dem open di book,
bikos dem won start to judge kase.
11 "I still dey look as di horn dey tok wiked-wiked words. I dey look until
dem kill di beast kon distroy en body, den trow am inside di fire wey dey
kom out from di throne. 12 Dem take di remainin beast pawas, but dem
sey make doz beast still dey live for sometaim. 13 As I still dey look for di
vishon for nite, I si wetin bi like human being. E dey waka kom with kloud
wey dey round am, den e go show ensef give di Pesin wey dey live forever.
14 Dem gi-am authority, honor and pawa to rule. Evribody, nashon and
pipol from difren tribe, go serve am. En pawa go last forever and nobody
go fit distroy en kingdom.

### *Wetin Di Vishon Mean*

15 "Di vishon wey I si dey disturb mi. 16 So I go meet one of dem wey
stand for der kon tell am make e tell mi wetin e mean. Den e tell mi di
meaning. 17 E sey, 'Di four big beast na four kingdom wey go soon kom di
eart. 18 And di pipol wey dey serve di Most High God go get royal pawa
wey go dey forever and ever.'
19 "Den, I won kon know more about di nomba four beast wey nor bi
like any of di oda beast; di beast wey dey make pesin fear; wey dey kill
and skata wetin e fit skata with en bronze finger and iron tit. 20 I still won
know about di ten horns for en head; di horns wey grow kom out leta; di
three horns wey fall wey get eye and mout wey dey tok anyhow and en
face dey make pesin fear pass any of di oda beast dem own. 21 As I still
dey look, di horn kon dey fight and distroy God pipol, 22 until God wey dey
live forever kon judge and favor all en holy shidren. Den di time kom rish
for God to take-ova di kingdom.

23 “Dis na wetin e tell mi: ‘Di nomba four beast mean sey di eart go get
four kingdom wey go difren from all di kingdoms wey dey before. Dem
go skata and distroy di eart.
24 “ ‘Di ten horns mean di ten kings wey go kom from dat kingdom.
Anoda king go kom afta dem, but e go dey difren from all di former kings.
E go ova-trow three kings. 25 E go tok against God kon opress anybody
wey dey serve God. E go try to shange laws, festivals and di pipol wey dey
serve God, go dey under am for three and half years.
26 “ ‘But di kourt for heaven go sidan judge am kon take en pawa komot
for en hand, den dem go distroy am finish. 27 Di pawa and great tins wey
di world get, God kom gi-am to pipol wey dey serve am. Dia royal pawa
nor go ever end and rulers go serve and respet dem.’
28 “Na like dis di matter take end. But for mi, Daniel, my mind kon dey
disturb mi well-well and I kon kover my face bikos I dey fear. But I still
keep evritin to mysef.”

# 8

*Daniel Si Ram And Goat For Vishon*

1 For di third year wey King Belshazzar dey rule, mi Daniel si anoda
vishon apart from di ones wey I don si before. 2 For dis vishon, I si mysef
for Shushan wey dey Elam aria. As I stand near Ulai river, 3 I look up kon
si one ram wey get two horn and e stand near di river. Di two horn long,
but one long pass di oda one. Di one wey long pass, kom out afta di short
one. 4 I si di ram dey waka with en horn dey go west, nort and sout-side.
No animal fit stop am or eskape from en pawa. E dey do wetin e like and
dey bihave anyhow.
5 As I still dey tink, one man goat kon dey kom from west side. E dey
run fast-fast like sey en leg nor dey tosh groun. E get one horn between
en two eyes. 6 E rush kon attack di ram wey I si before, wey stand near
di river. 7 I dey look as e vex kon attack di ram, den e break di ram two
horns and di ram nor get pawa to fight am back. Di goat trow di ram for
groun kon dey mash am and nobody fit save am. 8 Di goat kon dey strong
more-more, but leta, en horns kon break. Den four horns kon grow kom
out from where di two horns for break and each of di horns face difren
direcshon.
9 From one of di horn, anoda small horn kon grow kom out. E grow big
well-well kon face sout, east and di promise land. 10 E strong rish to attack
God sojas for heaven; e even remove and trow some stars for groun kon
stand on-top dem. 11 E still dey praiz ensef pass di sojas for heaven. E stop
di sakrifice wey dem dey offa give God evriday kon skata where dem for
dey woship God. 12 Instead of di normal sakrifice wey di pipol dey offa,
dem kon start to sin, so dem forget God ways. Di horn dey enjoy evritin
wey e dey do.
13 Den I hear one angel dey ask anoda one sey, “How long dis tin wey
dey happen for dis vishon go kontinue? Dis wiked tin wey dem dey do go
replace di sakrifice wey dem dey do evriday? How long di sojas wey dey
heaven and di temple go dey under en leg?” 14 I kom hear di oda angel
sey, “Na 2,000 three hundred days, both for morning and evening and for
dat time, dem nor go offa any sakrifice.”

### *Anoda Angel Tok With Daniel*

15 As I still dey try to undastand wetin di vishon mean, I kon si pesin
stand for my front. 16 Den I hear vois from Ulai river dey sey, “Gabriel,
make yu tell am di meaning of wetin e si.” 17 Gabriel stand near mi, so
bikos I dey fear, I kon fall face groun. Naim e sey, “Man pikin, make yu
undastand wetin e mean. Di vishon dey show yu how di world go take
end.” 18 As e dey tok to mi, I kon faint for groun. But e tosh mi and I get
up.

19 So e sey, “I kom tell yu wetin go happen wen trobol go dey for di world.
Dis vishon na about wen di world won end. 20 Di ram wey yu si wey get
two horn, na di two kings for Mede and Persia. 21 Di man goat na Greece
king and di big horn wey dey between en eyes, na di first king. 22 Di horn
wey break wey four oda horns kon grow kom out for en place, na di four
oda kingdoms wey go kom from en nashon, but dem nor go get pawa like
am. 23 Wen dia kingdom don dey won end and dia sin don plenty well-well,
anoda wiked king wey sturbon and dey lie well-well, go kom ponish dem.
24 E go dey strong, but nor bi by en own pawa. E go kause strong wahala
kon prosper for evritin wey e dey do. E go distroy doz wey get pawa and
pipol wey dey serve God. 25 With en wayo, e go prosper as e dey lie and
deceive pipol. E go dey bihave anyhow kon distroy many pipol without
sey e first warn dem. E go fight and win kings wey get strong pawa, but
e go skata wen nobody tosh or fight am. 26 Di vishon about morning and
evening wey dem tell yu, korrect. But make yu keep di vishon for yor
mind, bikos di time wey e go happen, neva rish.”

27 So I faint and I kon dey sick for some days. Den afta, I get up kon go
do di work wey di king sey make I do. But di vishon still dey sopraiz mi,
bikos I nor fit undastand wetin e mean.

# 9

### *Daniel Prayer*

1 For di first year wen Zazes pikin, Darius wey bi Media king, dey rule
Babilon. 2 For dat same year wen e dey rule, mi Daniel kom undastand di
holy book wey sey na seventy years God tell Profet Jeremaya sey, Jerusalem
pipol go skata for di world. 3 So I wear sak klot, sidan for ashes den turn
to God kon dey beg am as I dey pray and fast. 4 I pray to God kon konfess
all di bad tins wey wi don do sey:

“God! Yu get pawa well-well and wi dey honor Yu. Yu dey keep yor
promise and Yu love pipol wey love and dey obey Yu. 5 Wi don sin! Wi
wiked well-well and wi dey do bad tins. Wi nor dey do wetin Yu kommand
and wi don turn from yor korrect way. 6 Wi nor gri listin to yor savants
wey bi profets; di ones wey tell awa kings, rulers, grand-grand papa and
all di nashon about Yu.

7 “Awa God! Na only Yu dey do wetin dey rite, but dem dey disgrace us
evriday, bikos Judah, Jerusalem and all di pipol wey Yu skata go evriwhere,
nor gri listin to Yu. 8 My God! Wi dey sofa like dis, bikos awa king, rulers
and grand-grand papa, don sin against Yu. 9 But even with all di sin wey
wi kommit, Yu still dey forgive and sorry for us. 10 Wi nor dey obey di Oga
awa God, bikos wi nor dey live awa life as E sey make wi leave am. Wi
even bilive sey di law wey E sey make en savants tell us, nor mean anytin.

[11] “All of us don break yor law and wi nor gri listin to wetin Yu tok. Wi
don sin and na awa sins make Yu dey ponish us so, just as yor savant,
Moses rite am for di law. [12] Yu don do wetin Yu sey Yu go do wi and
awa leaders. For all di towns wey dey for dis world, na Jerusalem Yu dey
ponish pass. [13] Yu dey ponish us just as dem rite am for Moses Law. But
as Yu ponish us rish, wi still dey kommit sin and wi nor gri do wetin Yu
tok. [14] Awa Oga God dey ready to ponish us and E really ponish us, bikos
anytin wey E dey do, dey rite, yet wi nor gri listin to am.
[15] “Naw, awa God, na Yu take yor pipol komot from Egypt with yor
mighty pawa kon make name for yorsef wey dem nor fit forget forever.
Wi don sin and wi dey bihave like wiked pipol. [16] Before-before, Yu dey
defend us. So make Yu nor vex for Jerusalem again, bikos na yor town and
holy hill, e bi. Doz wey dey stay near us, dey look Jerusalem kon dey laf
yor pipol, bikos of awa sin and di wiked tins wey awa grand-grand papa
dem do.
[17] “So naw, God, make Yu hear my prayer and as I dey beg Yu. Make
Yu sorry for yor temple wey dem don distroy; so dat evribody go know
sey na only Yu bi di God wey nor dey die. [18] Abeg, God make Yu sorry for
Jerusalem town wey Yu choose, nor bi bikos wi deserve am, but bikos of
yor great love wey nor dey fail. [19] So make Yu forgive us! Make Yu kwik
hear and ansa us. Nor bi just for yor town and en pipol, but na to make
pipol honor and praiz yor holy name.”

### *Angel Gabriel And Daniel*

[20] As I still dey pray, dey konfess and beg God make E forgive mi and
Israel pipol sin kon sorry for en holy temple, [21] Angel Gabriel wey I don
first si for my vishon before kon dey fly kom where I dey. Dat time, dem
won offa di evening sakrifice. [22] Di angel tell mi, “Daniel, I don kom make
yu really undastand naw. [23] God don ansa yor prayer since di very first
day wen yu start to pray and beg am and na di love wey E get for yu, make
mi kom so. Naw, make yu listin well-well as I dey tok kon undastand di
vishon:
[24] “God don set seventy weeks as di time wen E go take free yor pipol
kon ribuild en temple. Una dey sofa, bikos of all di evil and wiked tins
wey una do. Afta, E go forgive una sins and judge una well forever, so dat
wetin E tok, go happen. Den E go anoint di holy temple again.
[25] “So make yu know and undastand sey, ‘From naw wen I tell yu dis
message, till di time wen dem go ribuild Jerusalem and di leader wey God
choose go kom, e go bi seven weeks and sixty-two weeks. Dem go build di
town well again, but wahala go dey for dat time.
[26] “ ‘Afta di sixty-two weeks, di Pesin wey God choose, go die and nor-
tin go remain. Di ruler wey get pawa pass, go bring sojas kom distroy di
town and di temple. Di end go rush kom like wota; e go bring war and
distroshon, just as God plan am.
[27] “ ‘Dat ruler go enter agriment with many pipol for one week, den for
di middle of dat week, e go stop all di sakrifice and ofrin. Den e go start
one bad tin wey go kause wahala and tins go bi like dat, until di time wey
God sey E won distroy di wayo pesin wey kause di wahala.’ ”

# 10

### *Angel Appear To Daniel*

1 For di third year wen King Cyrus for Persia dey rule, God kon give
Daniel (wey dem dey koll Belteshazzar) one message. Dis message na true,
but e hard to undastand. Daniel undastand di message thru di vishon wey
e si.

2 Before dat time, mi, Daniel dey mourn for three weeks. 3 I nor chop
any good food, meat, drink wine or komb my hair until di three weeks
komplete.

4 For di twenty fourt day for di first mont, I stand near di great river,
wey dem dey koll Tigris. 5 I look up kon si one man wey wear linen klot:
di belt for en waist na gold wey dem make from Ufaz. 6 En body bi like
yellow jasper and en face dey shine like lite. En eye dey shine like tosh;
en hand and leg bi like bronze wey dem polish. En vois alone bi like sey
na many pipol dey tok.

7 Na only mi, Daniel si di vishon. Di men wey follow mi nor si am.
Dem run go hide, bikos dem dey fear. 8 Na only mi dey der wen I si dis
great vishon. I nor get strent again and my face kon shange well-well and
anybody wey si mi nor go know sey na mi. 9 But I hear as e dey tok and
wen I hear dis vois, I just fall face groun. 10 Den one hand tosh and karry
mi stand up well; but I still dey shake. 11 Di angel kom tell mi, "Daniel!
God love yu. Stand up make yu listin well-well to wetin I won tok naw,
bikos na God send mi kom meet yu." Wen e don tok finish, I kon stand
up, even doh I still dey shake. 12 Di angel tell mi, "Daniel, make yu nor
fear. Since di first day wen yu honbol yorsef kon dey pray for undastandin,
naim God don ansa yor prayers. So I kom as ansa to all yor prayer. 13 Di
prince for Persia kingdom oppoz mi for twenty-one days. But Mikael, one
strong angel for heaven kom help mi, bikos na only mi dey Persia. 14 Naw,
I don kom help yu undastand wetin go happen to yor pipol for di future,
bikos dat na wetin di vishon dey tok-of."

15 As di angel still dey tok to mi, I sleep for groun and I nor fit tok. 16 Den
di angel wey bi like human being, appear kon tosh my lip. I open my mout
kon start to tok. I tell am, "Oga God! Dis vishon don make mi weak and
na-im make mi dey shake anyhow. 17 I bi like savant wey stand for en
oga front. Naw, how I won take tok to yu? I nor get strent to even breath
again." 18 Den di angel tosh mi again and my body kon strong. 19 E sey,
"Make yu nor fear, God love yu well-well! So nor let anytin worry yu.
Make yu dey strong! Wen e don tok like dis, my body kon strong more-
more." Den I sey, "Oga! Yu don make mi dey okay naw." 20 Di angel sey,
"Yu know wetin make mi kom meet yu? Naw, I won go fight Persia prince.
Wen I don go, di angel wey dey guide Greece go kom.

21 "But I go first tell yu wetin dem rite for di book wey yu fit trust.
(Nobody fit help mi against di prince, escept Mikael wey dey guide Israel.

# 11

*Di Angel Give Daniel Message*

1 Den for di first year wen Darius bi king for Mede, I kom help and defend
am.) 2 And na di trut I won tell yu naw."

Di angel still sey, "Three more king go kom from Persia. Den di fourt
king go get money well-well pass all di kings wey don dey before am.
Wen e don get pawa well-well, bikos of en money, e go karry evribody go

fight Greece. 3 Anoda king wey get money go kom. E go rule many great
kingdoms kon do wetin e like. 4 But en kingdom go skata at wons go di four
korna for di world and four oda kingdoms go raiz and nor bi en shidren
or family pipol go rule dis pipol and di kingdoms nor go get pawa like en
own.

5 "Den Egypt king go get pawa well-well. But one of en sojas oga go even
strong pass am and e go rule great kingdom. 6 Afta many years, Egypt king
go make agriment with Siria king kon give en dota to am as wife. But di
agriment know go last, bikos dem go kill di girl, en husband, en pikin and
di savants wey follow am go.

7 "E nor go tey before one of di woman broda, go bi king. E go attack
Siria king, dia sojas, enter di place wey strong pass kon kill dem. 8 E go
karry dia juju and all dia betta tins with silva and gold go back to Egypt.
Afta many years wey peace don dey, 9 Siria king go attack Egypt, but e nor
go susid. 10 Siria king sons go dey ready to fight and dem go gada many
sojas. One of dem go flow like wota kon attack dia enemies strong town.

11 "Egypt king go vex well-well kon go fight Siria king and e go katch
many of en sojas. 12 E go dey happy for en viktory and all di many sojas
wey e kill, but e nor go always dey win. 13 Siria king go-go back go gada
many sojas wey plenty pass di first ones. Den for di rite time, e go attack
with all en sojas wey dem don prepare well-well.

14 "Dat time, many pipol go kom oppoz Egypt king. And some of di wiked
ones from yor nashon go raiz to show sey dis vishon na trut, but dem go
skata. 15 Den Siria king go katch and take one strong town. Di sojas wey
dey Egypt nor go fight again; even di best sojas wey dey with dem nor go
get pawa again. 16 Siria sojas go do wetin dem like and nobody go oppoz
dem. E go stand for di promise land and en pawa go dey komplete. 17 Siria
king go plan to travel with en sojas and all of dem go get one mind. Den
make e for fit distroy en enemy kingdom, e go enter agriment with dem
kon give en dota to dem as wife; but en plan nor go work. 18 Den e go
attack and konker many nashons wey dey near di sea. But one ruler from
anoda kountry go win am kon stop all di nonsense wey e dey do since. All
di yeye tins wey Siria king don do, di ruler go do am to am too. 19 Di king
go-go back to en land wey dem protet well, but e go stagga fall and dem
nor go si am again. 20 Anoda king go raiz wey go send en ofisas go opress
pipol. Dem go kollect tax for dia hand kon make dia kingdom get plenty
money. E nor go tey before dem go kill-am, but nor bi for publik or war."

21 "Di angel still sey di next king for Siria go wiked well-well. E nor
get rite to bi king, but before pipol know, e go deceive dem kon bi king.
22 Anybody wey ask am kweshon about di High Priest, e go kill-am. 23 E
go deceive many oda nashons, bikos e sey e dey make peace and e go dey
strong evriday, even doh en nashon nor big. 24 E nor go warn towns wey
get money before e attack dem and e own go worse pass wetin en grand-
grand papa dem do. E go divide di propaty wey e take for war give en
men. E go plan to attack sojas wey strong pass am, but en time go soon
end. 25 E go raiz many sojas wey go attack Egypt king wey don prepare
to fight back with en strong and pawaful sojas. But dem go deceive Egypt
king and e go luz di war. 26 Di pipol wey dey chop with di king, go plan
to kill-am! Dem go kill and skata many of en sojas. 27 Di two kings go

sidan chop for di same tabol, even doh dem get bad belle for each oda;
dem go dey deceive each oda. Dem nor go get wetin dem won get, bikos
di time neva rish. 28 Den Siria king for nort go-go house with all di tins
wey e karry for war. En mind go dey against di holy kovenant. E go kause
wahala, den e go-go e own land. 29 Leta, e go attack Egypt, but dis time,
e nor go bi like di first one. 30 Kittim pipol go kom with ship kon fight
am and fear go katch am. E go turn won kon distroy God pipol. Den e
go-go back kon favor doz wey rijet di holy kovenant. 31 En sojas go skata
di temple. Dem go stop di sakrifice wey dem dey do kon do many bad tins.
32 Doz wey don rijet di kovenant, e go use sweet mout take win dem back,
but doz wey dey follow God, nor go allow am. 33 Doz wey wise among di
pipol go tish di odas. But some of dem go die for war and dem go karry di
rest go as prisonas. 34 God go help en pipol small wen dem fall. But some
pipol go play wayo kon join dem. 35 Even some wey wise go die and dis
tin go kon make di pipol klean. E go kontinue like dis until di end rish; di
time wey God don set.

36 "Den di king go do wetin e like. E go dey make mout and karry body up
sey, 'I get pawa pass any oda god. I even high pass God wey dey heaven.'
E go dey susid until di time wey God won ponish am, don rish. God go do
wetin E don plan. 37 Di king nor go respet en papa gods, tok-less of di god
wey wimen love. E nor go respet any god, but e go dey karry ensef up.
38 Na only di gods wey get pawa well-well, e go dey respet. Gods wey en
papa nor know, na-im e go honor with gold, silva, fine stones and propaty.
39 E go attack strong nashons wey dey woship anoda god. E go honor pipol
wey si am as dia leader. Dem go serve for en ofis and e go give dem land
as dia reward.

40 "Wen di end don rish, Egypt king go attack am. Siria king go fight
am with all en pawa; with shariot and many ship. E go attack and distroy
many kountries like river wey flow enter land. 41 Den e go enter di fine
land. Many pipol go die, but di leaders for Edom, Moab and Ammon go
eskape. 42 E go attack oda kountries and even Egypt nor go fit eskape am.
43 E go kontrol where dem hide gold and silva put with all di betta tins
wey Egypt, Libya and Ethiopia bin get. 44 Den, dem go gi-am trobol from
nort and east and e go-go fight with all en pawa kon distroy and kill many
pipol. 45 E go even build small palis for di sea centre near di holy mountin.
But wen e go die, nobody go dey der to help am."

# 12

### *End Time*

1 "Den Mikael; di great prince wey dey guide yor pipol, go appear. Dat
na wahala time and dis kind wahala neva happen for anywhere kom rish
naw. But yor own pipol wey dia name dey di book wey get life, go eskape.
2 Many pipol wey don die go raiz; doz wey dey holy go get life wey nor
dey end, while odas go sofa forever. 3 But wise pipol go shine like lite for
di sky. Doz wey tish pipol di rite tin, go shine like star forever and ever.

4 "But Daniel, make yu klose and keep di book for sekret until dis world
don end. Many pipol go waste dia strent dey waka up-and-down, bikos
dem nor fit undastand wetin dey happen."

[5] Mi, Daniel, kom si two men stand for di oda side. Dem stand for di
river two side. [6] One kon tell di oda one wey wear linen, wey dey on-top
di river, “Wen all dis wonderful tins go happen?” [7] Den I hear di man wey
wear linen wey dey on-top di river as e raiz en two hand face sky kon
swear with God name sey: “Na only three and half years remain; by di
time wen God don save en holy pipol from who dey sofa dem, all dis tins
go don happen.”

[8] I hear wetin e tok, but I nor undastand. So I kom ask, “Wetin go happen
afta all dis tins?” [9] E ansa, “Daniel! Make yu dey go. Dis matter don finish
and dem don keep am until di world go end. [10] Many pipol go dey klean;
dem go klean dem well-well, but wiked pipol go still dey do dia wikedness.
No wiked pesin go undastand naw, but na only wise pipol, go fit undastand.
[11] E go bi 1,000 two hundred and ninty days, from di time wey dem stop
di sakrifice kon start all dis bad and wiked tins, wey dem dey do. [12] Pipol
wey dey faithful until di 1,000 three hundred and thirty-five days don end,
go dey happy! [13] But Daniel, make yu dey faithful to di end. Yu go die, but
wen di world don end, yu go raiz-up kon kollect yor reward.”

# Hosea
## Introdushon

Profet Hosea tok to Israel kingdom for nort durin di 8th century BC, wen evritin nor too dey fine. Afta Jeroboam II die, na six difren kings rule Israel pipol for about 20 years plus. Assyria sojas attack Israel pipol for 722 BC, take-ova di land and karry almost evribody for Israel go as kaptives to Assyria. Dis na bikos Israel stop to woship Oga God and kon dey follow Baal, di Kanaanite juju. So for Hosea time, di pipol don dey go di juju house where dem dey do all kinds of bad tins, inkluding majik. Profet Hosea kondemn di way dem woship and e kol am spiritual ashawo. E also kondemn dem as dey make friends with strenjas, rijet God law and how dem long-trot. Di pipol nor gri listin as Hosea dey warn dem, instead dem dey laf am.

Na two main parts dey di book. Di first part short and e tell us how God kommand Hosea make e marry Gomer, di ashawo woman. Dis na to show how Israel sin against God and how E still love dem. God use di profet life take show wetin E get for mind for Israel pipol, aldo dem dey sin against en law. Di sekond part wey long well-well, na di main message and tins wey dem tell King Jeroboam about di hope for Israel, if dem turn back kon woship am. Hosea beg God for Israel kingdom for di last years, wen dem dey foreign land as prisonas.

*Introdushon*

1 Dis na di message wey God give Hosea, Beeri pikin for di time wey
Uzzaya, Jotam, Ahaz and Hezekaya dey rule Judah and wen Jehoash pikin,
Jeroboam dey rule Israel.
2 Wen God first tok to Israel pipol thru Hosea, E tell am, "Make yu go
marry ashawo and just as my pipol don leave mi and nor dey faithful to
mi, na so too yor wife nor go dey faithful to yu and e go born shidren
wey nor go know dia papa." 3 So Hosea go marry one girl wey bi Diblaim
pikin and en name na Gomer. Afta dem don born dia first pikin wey bi
boy, 4 God tell Hosea, "Make yu koll am 'Jezrel,' bikos e nor go tey before
I go ponish Israel king, bikos of di pipol wey dia grand-grand papa Jehu
kill for Jezrel. I go skata Israel kingdom rish groun. 5 Dat time, I go distroy
Israel sojas for Jezrel Valley."
6 Gomer, Hosea wife kon born anoda pikin, but dis time, na girl. Den God
tell Hosea, "Yu go koll dis one, 'Lo-Ruhamah wey mean: No-pity,' bikos I
nor go show Israel pipol love or forgive dem again. 7 But I go love and
sorry for Judah pipol. Mi wey bi dia Oga God, go save dem, but e nor go
bi thru war, swod, bow, arrow, horse or doz wey dey ride di horse dem."
8 Afta Gomer don stop to breast feed Lo-Ruhamah, e kon get belle again
and e born anoda boy. 9 So God tell Hosea, "Make yu koll dis one, 'Nor bi
my pipol (Lo-Ammi),' bikos Israel pipol nor bi my pipol and I nor bi dia
God."

*Save Israel*

10 But di time dey kom wen Israel pipol go plenty like san-san for sea wey
nobody fit kount or measure. Aldo God dey sey, "Una nor bi my pipol,"
but di day dey kom wen God go sey, "God wey nor dey die, na-im bi una

papa!” 11 Den Judah and Israel pipol go kom togeda as one again. Dem go
choose one pesin wey go lead dem and dem go plenty kon prosper for dia
land again. Yes! Dat day for Jezrel, go dey great well-well!

# 2

1 Den make yu go koll yor brodas, “Ammi” (wey mean “My pipol”)! And
yor sistas, “Ruhamah” (wey mean “Pity”)!

### *God Go Ponish Israel Pipol*

2 Make yu akuiz yor mama, Israel,
bikos e nor bi my wife again
and mi Oga God, nor bi en husband again.
3 If e nor gri stop, I go naked am,
just as e bi wen dem born am.
I go make am bi like dry land,
where nor-tin dey grow
and I go let wota hongry am till e die.
4 I nor go pity or sorry for en shidren,
bikos na ashawo wey nor get shame, born dem.
5 Dia mama sey, “I go-go meet my lovers,
bikos na dem dey give mi food,
wota, wool, linen, olive oil and wine.”
6 But I go fence and block una mama with shuku-shuku,
so dat e nor go waka go anywhere.
7 E go run follow en lovers,
but e nor go fit katch dem. E go find dem, but e nor go si dem.
Den e go sey, “I go-go back to my first husband.
I betta well-well den wen I dey with am,
pass as I dey naw.”
8 But till naw, e nor ever gri sey
na mi gi-am di korn, wine, olive oil
and all di silva and gold wey e take dey woship Baal.
9 So for harvest time, I go take all my gifts
wey bi korn, wine, wool and linen
wey I gi-am make e wear.
10 I go naked am for en lovers front
and nobody go fit save am from my pawa.
11 I go stop all di party and feast
wey e dey do evry mont, year and for Sabat Day.
12 I go distroy all en vine and di fig tree
wey e sey en lovers gi-am,
bikos e dey serve dem.
I go turn en gardins to wildaness;
den wiked animals go distroy dem.
13 I go ponish am for all doz times wey e forget mi
kon dey burn incense give Baal
and dey run follow en lovers with all di gold wey e wear.
Mi, wey bi God, don tok.
14 I go karry am go wildaness
kon make am turn kom meet mi
with di sweet-sweet words wey I go tell am.
15 I go gi-am back en vineyard den Trobol Valley go

kon bi Hope Valley.
E go ansa mi for der,
just as e do wen e dey yong for di time
wen e dey komot from Egypt.
16 For dat time, na husband yu go dey koll mi
instead of yor masta.
17 I go remove Baal name from yor mout
and yu nor go ever take about am again.
18 For dat time, I go make kovenant
with all di wild animals and birds,
so dat dem nor go wound my pipol.
I go still take di tins wey dem take
dey fight war komot from di land
kon let my pipol stay for peace.
19 Israel, I go make yu my wife;
I go love and dey faithful to yu;
I go always sorry for yu
and yu go bi my own forever.
20 I go keep my promise kon make yu my own,
den yu go know sey na mi bi yor God.
21 For dat time, wen my pipol Israel pray to mi,
I go ansa dem.
22 I go make rain fall
and korn, grape and olive fruit go grow for di land.
23 I go make my pipol stay for di land
and dem go prosper.
Doz wey dem dey koll "No-pity" before,
I go pity for dem
and doz wey dem dey koll "Nor bi my pipol,"
I go sey, "Naw, una don bi my pipol",
den dem go ansa sey,
"Na Yu bi awa God."

# 3

*God Love Israel*

1 God tell mi, "Make yu go love yor wife again, even doh e love anoda
man and dey sleep with difren pipol. Na so too God love Israel pipol, even
doh dem turn kon dey serve oda gods and dey give dia rice as ofrin to
juju." 2 So I pay fifteen silva koin and seven basket for barley to take bring
di woman back. 3 Den I tell am, "Yu must always dey with mi and nor
do ashawo or go sleep with anoda man again and mi mysef go dey with
yu." 4 Dis tin show sey na so too Israel pipol go dey: dem nor go get king
or leader; dem nor go do sakrifice or serve stone again and dem nor go
get juju or image wey dem go use take konsult dia gods. 5 But di time dey
kom wen Israel pipol go turn kom meet Oga God and one among David
shidren-shidren, go bi dia king. Den dem go fear God and E go bless dem.

# 4

*God Tok Against Israel*

1 Israel pipol, make una hear wetin God dey tok! God dey akuiz evribody for Israel sey:
"For dis land, nobody love mi,
dey faithful or si mi as en God.
2 Dem nor dey keep di promise wey dem make.
Instead, dem dey lie, kill, tif
and sleep with oda pipol husband and wife.
Na so-so wiked tins dem dey do
and dem dey kill each oda evriday.
3 So di land go mourn,
bikos evritin wey dey inside, go die.
All di animals, birds and even fish,
go die too."

### *God Akuse Di Priest*

4 God sey,
"Make nobody akuiz or blame di pipol,
bikos na una wey bi priests,
I dey tok against.
5 Una go fall for day time
and una wayo profets go fall with una for nite,
den I go distroy una mama Israel.
6 My pipol don die finish
bikos dem nor know mi.
Since di priests don rijet mi,
misef go rijet dem as my priests.
Since una don forget una Oga God laws,
misef go forget to bless una shidren.
7 As di priests dey plenty,
na so dia sin against mi, dey plenty too.
So I go turn dia honor to disgrace.
8 Bikos dem dey make money from my pipol sin,
dem kon dey kommit more sin.
9 Dem go sofa di same ponishment with di pipol!
I go ponish and make dem pay
for di evil and wiked tin wey dem do.
10 Even wen dem chop food,
dem nor go beleful;
dem go dey sleep with each oda,
but dem nor go born pikin,
bikos dem don turn from di Oga God
kon dey follow oda gods."

### *God Tok*

11 God sey,
"Bikos my pipol dey drink old and new wine, dem
nor get sense again.
12 Dem dey ask wood make e show dem
wetin go happen for future!
Na stik dey tell dem
wetin dem won know!
Dem don leave mi.
Dem bi like ashawo and dem don give diasef

to oda gods.
13 Dem dey offa sakrifice on-top mountin
kon burn incense for di hills and under evry tall tree,
bikos dem dey enjoy di shade!
Bikos of dis, una dotas dey do ashawo
and una dota in-law dey sleep with oda pipol husband.
14 I nor go ponish una dotas wen dem dey do ashawo
or una dota in-law wen dem dey sleep with anoda pesin husband,
bikos di men for di temple dey make sakrifice
and sleep with ashawo too.
So, pipol wey nor get sense,
na distroshon go end dia life.
15 But even doh Israel pipol nor dey faithful to mi,
make una, Judah pipol nor bihave like dem.
Make una nor go woship for Gilgal or Bethel
or use God name take make promise for der.
16 Just as melu sturbon, na so Israel pipol bi.
So, how I go fit take feed dem
like lamb wey dey for open field?
17 Bikos of di juju wey Efraim pipol dey serve,
curse dey dia head.
So make una nor go near dem!
18 Afta dem don drink plenty wine,
dem go-go sleep with ashawo;
bikos dem like disgrace pass honor.
19 So, breeze go karry dem go
and dem go shame
sey dem dey offa sakrifice give juju."

# 5

*Judgement*

1 "Una wey bi priest,
make una listin!
Israel pipol,
make una listin well-well!
Una wey kom from royal family,
make una listin well-well too
bikos I dey kom judge una.
Una lead di pipol enter trap
bikos all of una dey woship juju
for Mizpa and for Mount Tabor.
2 Una don dig one deep pit for where una dey woship juju,
so I go ponish all of una.
3 I know Israel pipol well-well;
di wiked tins wey dem do,
nor go fit hide from mi.
Dem don turn ashawo
kon make demsef dirty.

*Warnin*

4 "Dia wikedness nor allow dem

turn kom meet mi wey bi dia God,
bikos di juju wey dem dey serve,
dey shark dem and dem nor won know mi at-all.
5 Israel pipol sturbones dey tok against dem.
Dia sin dey make dem kick stone fall
and Judah pipol dey fall with dem too.
6 Even wen dem kom sakrifice animals give God
make E for favor dem,
dem nor si am bikos E don turn from dem.
7 Dem nor dey faithful to God
and dem born shidren wey nor know dia papa.
So naw, di new moon festival go distroy dem
and dia land.

### *War Between Judah And Israel Pipol*

8 “Make una blow di war trumpet for Gibeah!
Make una blow di wiso for Rama!
Make una blow di trumpet for Bet-Aven!
Benjamin pipol make una shake with fear!
9 Bikos Judgement Day dey kom
wen dem go distroy Israel pipol.
Wetin I dey tok naw,
go really happen to una!
10 “God sey,
“Judah leaders bi like pipol wey dey kut pipol land take.
So I go pour my vexnashon like heavy rain for dia body.
11 Dem go opress and judge Israel pipol anyhow,
bikos dem don make up dia mind to serve juju.
12 I go distroy Israel
kon turn Judah land to where dem dey trowey dirty put.
13 Wen Israel si as e dey sick
and Judah si as e sore big rish,
dem kon go meet Assyria great king
make e kom help dem,
but e nor fit cure or heal dia wound.
14 I go attack Israel and Judah pipol like lion.
Mi mysef go tear dem to pieces
kon karry dem komot der
and nobody go fit save dem.
15 I go leave my pipol until dem don sofa well-well for dia sin,
den dem go dey look for mi.
Yes! Dem go really look for mi
bikos dem dey sofa.”

# 6

### *Israel Still Dey Sin*

1 Make una kom make wi turn go meet God!
Na-im wound us, but E go heal us!
Even doh E wound us, E go bandage awa sore.
2 Afta two or three days, E go heal us,
so dat wi go fit stay for en present again.

3 So make wi serve God.
As far day dey break and rain dey fall for di eart,
E go kom save us.
4 But God tell dem,
“Israel and Judah pipol,
wetin I won take una do?
Bikos di love wey una get for mi
dey kwik disappear like dew for morning;
like dew wey dey vanish wen day dey break.
5 Na dis make mi send my profet
kom give una di judgement and distroshon message.
Just as day dey break for morning,
na so too, my judgement go kom meet una.
6 Nor bi animals sakrifice I wont,
but na una love wey nor dey die.
E betta make my pipol know mi,
dan all di burnt ofrin wey dem dey give mi.
7 But just like Adam, my pipol sef break di kovenant
wey I make with dem.
8 Na wiked pipol full Jabesh-Gilead town
and na pipol blood kover all dia street.
9 Di priests dem bi like tif wey hide for bush
bikos one attack pesin.
Dem dey kill pipol for di road
wey dem dey pass go Shekem
and dem still dey do many wiked tins!
10 I don si wiked tins for Israel:
Judah pipol don make demsef dirty,
bikos dem dey woship juju.
11 As for una Judah pipol,
I don set time wen I go take ponish una
bikos of una sins,
even doh sey I go make my pipol prosper again.”

# 7

*Israel Sin*

1 “Wen ever I sey I won heal
and make my pipol, Israel prosper again,
dia wikedness and di bad-bad tins wey dem dey do,
nor dey allow mi do am.
Samaria pipol dey shit each oda
and dey do bad tins.
Dem dey break enter pipol house
and dey tif waka for street.
2 Dem nor know sey, I remember
all di bad-bad tins wey dem do.
Dia sin plenty well-well
and I dey si all di wiked tins wey dem dey do.
3 Di pipol dey deceive di king and en ofisas
with all dia evil plans
and di prince dem dey make di king happy
with dia lie-lie words.

4 All of dem dey sleep with who dem nor marry.
Dia body dey hot like oven wey dem won take bake bread,
bikos of di bad tins wey dem won do.
5 Wen di king dey do party,
en and en ofisas dey drink well-well
and dem go dey make plans with yeye pipol.
6 Yes, dia plan dey burn like hot oven.
Dia vexnashon dey hot well-well for nite
and wen dey break, e go rush kom out like fire.
7 All of dem dey burn well-well like oven;
dey kill dia rulers one-by-one
and yet, dem nor gri kom meet mi
make I for help dem."

### *Israel And Di Nashons*

8 God sey,
"Efraim pipol bi like bread wey nor don.
Dem don join and put hope for di towns
wey dey round dem
9 and dem nor know sey na dis trust
wey dem get for strenjas, distroy dia pawa.
And naw, wahala dey kom,
but dem nor know.
10 Israel pipol sturbones dey work against dem.
Even with evritin wey don happen,
dem nor still gri turn from sin
kom meet di Oga wey bi dia God.
11 Efraim pipol dey waka up-and-down
like bird wey dem dey kwik deceive;
dem koll Egypt pipol make dem kom help dem fight;
but afta, dem run go koll Assyria pipol too!
12 But as dem dey waka up-and-down,
I go trow net wey go katch dem like bird.
I go ponish dem for di evil tins wey dem don do.
13 Dia own don finish!
Dem don forget mi kon dey do wetin I sey
make dem nor do,
so I go distroy dem.
I won save dem before,
but dem nor dey woship mi from dia heart.
14 Dem nor dey pray give mi with all dia heart.
Instead, dem dey pritend dey kry
and take body nak dia bed,
just as doz wey nor know God dey do.
Anytime dem dey do di korn and wine ofrin,
dem dey kut demsef like sinnas
and dem nor gri do wetin I tok.
15 Even doh sey na mi train and make dem strong,
dem still plan against mi.
16 Dem dey always waka leave mi
go meet and follow oda gods wey nor get pawa.
Dem nor dey stabol;

dem bi like bow wey bend.
Bikos dia leaders dey tok anyhow,
dia enemies go kill dem,
den Egypt pipol go laf dem well-well."

# 8

*God Kondemn Israel*

1 "Blow di trumpet!
Enemies dey rush dey kom
attack my pipol like eagle!
My pipol don break di kovenant wey I make with dem
kon go against my laws.
2 Even doh dem sey I bi dia God
and dey klaim sey dem bi my pipol wey know mi.
But naw, Israel pipol dey beg mi sey,
'Make Yu kom help us bikos Yu bi awa God!'
3 But e don late well-well,
bikos dem don rijet wetin dey good,
so dia enemies go porshu dem well-well.
4 Na only my pipol choose king and leaders
demsef without sey I permit dem.
Dem make juju with dia silva and gold;
juju wey dey kause wahala for dem.
5 I hate di gold melu wey Samaria pipol dey woship.
I dey vex well-well for dem.
Na wen dem go stop to woship juju?
6 Na una Israel pipol karve di juju by unasef.
Di juju nor bi god!
Di gold melu wey una dey woship for Samaria,
go skata to pieces!
7 Wen una plant breeze,
una go harvest heavy rain.
Una korn nor go produce bread.
Even if e produce,
na strenjas go chop am.
8 Israel pipol bi like oda nashons naw
and dem dey yuzles like pot wey break.
9 Israel pipol sturbon like wiked donkey
and dem don waka go dia own way.
Dem don go meet Assyria pipol make e help dem
kon pay oda nashons to protet dem.
10 But naw, I go gada dem togeda
kon ponish dem.
E nor go tey before dem go kry with pain
wen Assyria king go kom opress dem.
11 Di more Israel pipol dey build altar to remove sin,
di more dem dey get many place
where dem go for dey sin well-well!
12 I rite many-many laws for di pipol,
but dem dey rijet dem,
bikos dem won follow strenj and yeye god.

13 Dem dey offa sakrifice give mi
kon chop di sakrifice meat.
But mi wey bi God nor dey happy with dem
and naw, I go remember dia sin kon ponish dem.
I go send dem go back to Egypt!
14 Israel pipol build royal palis,
but dem don forget who kreate dem.
Judah pipol don build many strong town,
but I go send fire go burn dia palis and di towns rish groun."

# 9

*Israel Ponishment*

1 "Israel pipol, make una stop to celebrate una festival
like doz wey nor know God.
Una don turn from una God
and nor dey faithful to am again.
Una don sell unasef give juju like ashawo
wey dey di land
and una love wetin una tink sey love una.
2 But very soon, una nor go get enough korn to chop
and olive oil and wine nor go dey again.
3 Israel pipol nor go stay for God land again,
but dem go-go back to Egypt,
den for Assyria, dem go chop food wey dem dey forbid.
4 Dem nor go fit offa wine ofrin or sakrifice give God for der.
Oga God nor go asept any of una sakrifice
bikos e go bi like food wey dem offa give dead body
and doz wey chop am, nor go dey klean.
Una go only dey chop am bikos of honga,
but make una nor bring any one kom God temple.
5 So na wetin una go do wen festival time rish?
How una go take do Oga God festival?
6 Even if dem eskape distroshon for Assyria,
Egypt sojas go kill dem
and Memfis pipol go beri dem.
Grass and shuku-shuku go grow
kover all di place where dia house and silva dey.
7 Di time to ponish Israel don rish;
di time wey pipol go get wetin dem deserve.
Dat time, Israel pipol go know wen e happen!
Una sey, 'Dis profet na fool.
Dis man wey feel sey e know well-well,
dey kraze!'
Una hate mi well-well,
bikos una sin too many.
8 Na di profet dey wosh ova Israel for God.
But anywhere wey e go,
una dey won katch am like bird.
Even for God house, all di pipol hate am.
9 Just as dem sin for Gibeah,
na so too dia sin and wikedness dey bad rish.

God go remember dia sin kon ponish dem."

*Israel Sin*

10 God sey,
"Wen I first si Israel,
e bi like wen yu si grape wey dey grow for desert.
Wen I first si una grand-grand papa dem,
e bi like wen yu first si ripe fig for en sizin.
But dem go meet Baal for Peor
kon dey woship am
and dem kon bi like di juju wey dem love.
11 Efraim greatness go fly komot like bird
and dem nor go born shidren.
Dia wimen nor go get belle at-all.
12 Even if dem born, I go kill di pikin.
Bad-bad tins go happen to dis pipol wen I don leave dem."
13 Na for my present Israel pipol grow
until dem kom fine like Tyre.
But naw, only dem go use dia hand
bring dia shidren out kon kill dem.
14 Oga God, na wetin I won sey make Yu do to dis pipol?
Make dia wimen nor get belle at-all
and nor let dem train dia own shidren!
15 So God sey,
"All di bad tins wey dem dey do,
na Gilgal dem from start am
and na from der I start to hate dem kom.
I go drive dem komot from my land,
bikos of di evil wey dem do.
I nor go love dem again.
Yes! Even dia leaders don go against mi.
16 Efraim pipol go bi like plant wey en rut don dry
and nor dey bear fruit again.
Dem nor go get shidren and even if dem get,
I go kill di ones wey dem like pass."
17 God wey I dey serve go rijet en pipol,
bikos dem nor gri listin to am
and dem go dey waka up-and-down for difren kountry.

# 10

*Israel Pipol Dey Woship Juju*

1 Israel pipol bi like grape vine wey grape full.
But di more dem dey prosper,
di more dem dey build juju altars.
Di more good-good tins dey happen for di town,
di more dem dey make and woship juju.
2 Na wikedness full di pipol heart,
so dem must sofa for dia sin.
God go distroy dia altar
kon skata all dia holy pilas.
3 Dis pipol go soon start to sey,

“Wi nor get king, bikos wi nor dey fear God.
But wetin king fit do for us sef?”
4 Na empty words dem dey tok
kon dey give lie-lie promise
and naw, just as dem turn field wey betta plant suppose grow
to where poizin grass full,
na so too dem don turn betta judgement
to bad one.
5 So, Samaria pipol go mourn for di juju wey Bet-Aven pipol.
Dem go kry, bikos dem go take di juju from dem
kon karry am go anoda land.
6 Dem go give di juju as gift to Assyria king.
Dem go disgrace and make Israel pipol shame,
bikos dem go follow juju.
7 Dem go karry dia king go like wood
wey wota float go.
8 Dem go skata di juju house on-top di hill
for Aven where Israel pipol for dey go woship am.
Shuku-shuku and grass go grow kover dia altars.
Di pipol go shaut koll di mountins sey,
“Make yu kom hide us!”
Dem go tell di hill,
“Make yu kom kover us!”
9 Oga God sey, “Israel pipol,
na since una dey Gibeah una dey sin kom rish naw
and una nor dey progress at-all.
Una nor si as dem kill
Gibeah wiked pipol for war?
10 So, I go attack and ponish dis pipol wey dey sin.
Difren kountry go gada against dem
and I go ponish dem, bikos of dia sins.
11 Israel pipol bi like yong melu wey dem train well before;
dem dey ready to separate di korn from di grass.
But I don make up my mind sey I go use rope
tie dia fine neck kon make dem do hard work.
I go make Judah and Israel pipol do strong-strong work.
12 I sey, ‘Make una plant raitiousness for unasef,
den una go harvest love wey nor dey end.
Make una klear new groun for unasef,
bikos dis na di time to turn kom meet mi,
so dat I go save una.’
13 But with evritin wey I tok,
una plant wikedness
kon harvest wetin una plant.
Una don chop di fruit
wey una lie-lie kause.
Bikos una trust una shariot
and di many sojas wey una get,
14 war go kom meet una
and all una strong house go skata.
Dat day go bi like wen King Shalman fight
and distroy Bet-Arbel town

kon kill both mama and dia shidren.
15 Bethel pipol, dat na wetin go happen to una,
bikos of di bad-bad tins wey una don do.
Wen dat day don kom, dem go distroy Israel king.

# 11

*God Love En Pipol*

1 "Na since wen Israel bi small pikin I love am
and I kon koll am komot from Egypt.
2 But di more I dey koll am,
di more e dey waka far from mi
kon dey do sakrifice and burn incense give juju.
3 Na mi tish Efraim how to waka.
I karry my pipol for my hand,
but dem nor know sey I kare for dem.
4 I draw dem near body with love and kindness.
I remove dia heavy load from dia head
kon bend down feed dem by mysef.
5 But dem nor gri kom back kon meet mi
and bikos of dat, dem must go back to Egypt
and Assyria pipol go rule dem by force.
6 War go kom dia towns
kon break and skata dia gates.
Enemies go distroy my pipol for where dem tink
sey nor-tin go fit happen to dem.
7 Dem don gri sey dem nor go turn kom meet mi.
Dem koll mi wey bi di Most High God,
but I nor go raiz dem up at-all.
8 Efraim pipol, how I won take leave or abandon una?
I nor fit distroy una just as I distroy Admah pipol
or trit una as I trit Zeboiim pipol?
My heart nor go let mi do am,
bikos di love wey I get for una, too strong.
9 I nor go ponish una, bikos I dey vex;
I nor go distroy Efraim again,
bikos I bi God and I nor bi man.
Mi wey dey holy, dey with una.
I nor go vex kom meet una.
10 I go shaut like lion kon fight my pipol enemies,
den my pipol go follow mi.
Dem go rush kom meet mi from west.
11 Dem go rush kom from Egypt like bird
and from Assyria like dove.
I go bring dem kom back to dia town again.
Mi, wey bi God, don tok."

*Israel and Judah Sin*

12 Israel pipol surround mi with lie-lie;
na wayo full Efraim,
but Judah pipol still trust

and dey faithful to God wey dey holy.

## 12

1 Na breeze Efraim pipol dey chop.
Dem dey porshu breeze from morning go rish nite.
Dem dey gada lie and wahala
kon enter agriment with Assyria
and dey do business with Egypt pipol.
2 Naw, God get wetin E go tok against Judah pipol.
E go ponish Jakob shidren
bikos of di way dem dey bihave.
E go pay dem back for wetin dem don do.
3 Even for dia mama belle,
Jakob struggol with en broda Esau
and wen Jakob grow, e still struggol with God.
4 E fight with God angel kon win.
E beg di angel make e bless am.
E meet God for Bethel
and God kon tok with am for der.
5 Oga God wey dey mighty;
na God bi en name forever.
6 So, make una turn kom meet una God.
Make una show love;
dey judge well and dey patient
as una dey wait for God.
7 But Israel pipol nor dey tok true;
dem bi like Kanaan pipol wey dey shit
and play dia customers wayo.
8 Efraim pipol sey,
"Wi get money well-well
and nobody go fit akuse us
sey wi use wayo take get awa money."
9 "But na mi bi di Oga una God
wey take una komot from Egypt;
I go make una stay for tent again,
just as e bi wen una dey do Shelta Feast.
10 I send my profets kon warn una
with many vishon and parabol.
11 But Jabesh-Gilead pipol nor mean anytin
bikos dem dey woship juju.
And dem dey sakrifice animals for Gilgal;
dia altars bi like stones
wey dem gada togeda for field wey dem klear.
12 Jakob run go Aram land.
For der, e kare for sheep, to take pay for en wife.
13 Na profet God take save Israel pipol from Egypt
where dem bi slave
and na profet e take guide dem.
14 But Efraim pipol make God vex well-well;
so E go ponish dem
bikos of di innocent pipol wey dem kill

kon pay dem back for dia sin."

# 13

*Final Judgement*

1 Before-before, wen Efraim pipol dey tok,
di oda tribes for Israel dey fear and respet dem.
But naw, Efraim pipol dey woship Baal juju
and dis tin kon distroy dem.
2 Dem still dey sin and woship juju wey dem make
kon design am with silva.
Dem dey sey, "Make una kom sakrifice
and kiss dis juju!"
3 So just as dew dey vanish for morning,
na so dis pipol go disappear too.
Dem go-go like leaf wey breeze blow
or smoke wey dey fade.
4 God sey,
"Na mi bi di Oga una God
wey take una komot from Egypt.
Una nor get anoda God apart from mi.
Na mi dey save una.
5 Wen una dey dry land wey nor get anytin,
na mi take kare of una.
6 But naw wen una enter betta land, una don dey okay;
dey karry body up kon forget mi.
7 So, I go attack una like lion.
I go hide for bush dey wait una like leopard.
8 I go attack una like bear wey en pikin lost
kon tear una to pieces.
As lion and wiked animals dey distroy tins,
na so too I go distroy una.
9 Israel pipol, mi wey bi una only helpa
go soon distroy una.
10 Una dey ask for king and leaders;
how dem won take save una naw?
11 Na mi vex give una kings
and I still vex take dem komot.
12 I don gada Efraim pipol sin kon keep am
dey wait di time wen I go ponish dem.
13 Israel get shance to live,
but dem too dey foolish to si am;
just like pikin wey dem just one born,
wey nor gri kom out from en mama belle.
14 I nor go save dis pipol from grave
or save dem from deat pawa.
So deat, make yu bring all yor wahala kom!
Yu grave, make yu bring all yor distroshon kom,
bikos I nor go pity for dis pipol again.
15 Even doh Israel dey grow like betta grass,
I go send hot desert breeze from east

kom dry dia rivers and well.
E go distroy evritin wey dem value.
16 I go ponish Samaria pipol,
bikos dem nor gri listin to mi.
Dem go die for war; dia shidren go fall
kon skata
and dia wimen wey get belle,
dem go tear dia belle open with swod."

# 14

## *Hosea Tok To Israel Pipol*

1 Israel pipol, make una turn back
kom meet di Oga una God,
bikos una sin don make una fall.
2 Make una turn kom meet God and pray to am sey:
"Make Yu forgive us awa sin
kon asept awa prayers,
so dat wi go praiz Yu.
3 Assyria pipol nor go fit save us
and awa shariot nor go fit protet us.
Wi nor go ever tell juju again sey,
'Na yu bi awa god!'
Na Yu God dey save doz
wey nor get papa and mama again."
4 So God ansa,
"I go bring my pipol kom back to mi.
I go love dem with all my heart
and I nor go vex for dem again.
5 I go bi like dew to Israel pipol.
Dem go shine like lily flower
kon strong for groun like Lebanon tree.
6 Dia branches go spread
kom out like fine olive tree.
Dem go get good smell like Lebanon trees.
7 I go protet dem again.
Dem go prosper like betta korn wey dem plant
kon fine like grape gardin.
Pipol go know dem like di way dem
know Lebanon wine.
8 Efraim pipol nor go get anytin to do with juju again.
I go ansa dia prayers kon kare for dem.
I go give dem house like betta green fig tree
and na mi go bless dem."

## *Konklusion*

9 Make doz wey dey wise,
undastand dis tins.
Make doz wey get sense,
listin well-well.
God ways dey true and e dey rite too
and pipol wey dey raitious, dey follow am
as dem dey live dia life.

But doz wey dey sin,
go stagga fall.

# Joel
## Introdushon

Di time Joel rite dis book nor dey klear, bikos e nor tok about any partikular king. But di main message for di book plain well-well and Joel use am take diliver pawaful message to Israel pipol. Dis book start to tok about how plenty worms kover and chop evritin for Judah land. Afta Joel don tell di pipol make dem turn from dia sin kom meet God, e kon esplain all wetin di worms trobol mean. Di worms bi like sojas wey dey kom attack pipol as God orda dem to do. Joel tok about God judgement day wey dey kom. E kon fast and pray for di pipol, as e dey tell dem make dem turn from sin kom meet God. E tell di pipol sey God go give dem ten taims of all wetin di worms distroy. E tok about how God go win all di nashons wey dey fight en pipol and E go pour en Spirit on Judah pipol wey go survive. Wen God day don rish and if di pipol turn from dia sin kom meet Am with dia whole heart, evritin wey dem don lost, dem go get dem back and prosper again.

*Introdushon*

1 Dis na di message wey God give Joel wey bi Petuel pikin.

*Israel Pipol Cry*

2 Una wey bi leaders, make una listin!
Evribody wey dey stay dis land,
make una listin well-well.
Anytin like dis don ever happen for una time
or for una grand-grand papa dem time?
3 Make una tell una shidren about am
and make dem tell dia own shidren
and dia shidren go tell dia shidren-shidren too.
4 Ants don chop all wetin wi plant
and as one set dey go,
anoda set dey kom,
until dem go chop and distroy evritin wey remain.
5 Una wey dey drink anyhow,
make una wake-up bigin kry.
Una wey dey drink wine, make una kry;
bikos dem don distroy di grape
and all una sweet wine don finish.
6 Many sojas from one strong kountry
don kom attack awa land.
Nobody fit kount dem
and dia tit strong and sharp like lion own.
7 Dem don distroy awa grapevines
and skata awa fig trees.
Dem tear di trees open,
until di white part for di wood kon dey show.
8 Make una kry like virgin wey dey mourn
for di man wey e suppose marry.
9 Di priest dem dey mourn,

bikos wine and korn ofrin
nor dey to offa for di temple again.
10 Di farm don empty; di groun dey mourn,
bikos dem don distroy all di korn.
All di grapes and di olive trees don dry.
11 Una wey bi farmer
and doz wey dey kare for di vineyards,
make una kry,
bikos of una rice and sweet korn.
Yes! All wetin wi plant don skata.
12 Di grape vine and fig trees don dry
and all di oda trees don die too.
True-true, di pipol nor get joy again.
13 Una wey bi priests wey dey serve for di altar,
make una wear sak klot kon kry!
Make una go mourn for di temple till day break,
bikos korn and wine nor dey
wey una go offa give una God!
14 Koll and tell evribody sey make dem fast!
Gada di leaders and all Judah pipol
go meet and kry give God for en temple!
15 God day don near,
di day wen di Almighty go distroy evriwhere.
Dat day go bad well-well!
16 Wi just dey look as dem dey distroy awa food
and wi nor fit do anytin.
Nobody dey happy for God temple again.
17 Di seed dem die for dry groun.
No korn to keep,
so awa store don empty and skata.
18 All di melu dey kry
bikos dem dey hongry
and grass nor dey for dem to chop.
Even di sheep demsef dey sofa.
19 Oga God, na Yu I dey kry to,
so make Yu kom help us!
Di grass and trees don dry rish groun,
bikos fire don burn dem.
20 Even wild animals dey kry,
bikos no wota to drink for anywhere
and fire don burn all di grass finish.

# 2

### *Lokust Wahala*

1 Make yu blow di trumpet,
so dat dem go hear am
for Zion wey bi God holy hill.
Make evribody fear well-well,
bikos God day dey kom.
2 For dat day, darkness go kover di land
and kloud go full evriwhere!

Strong-strong sojas go kom
and dem go bi like darkness
wey spread kover di mountins.
Dis kind tin neva happen before
and sometin like dis nor go ever happen again.
3 Dem go distroy evritin wey dem si
like sey na fire burn dem.
For dia front, di land bi like Eden Gardin,
but wen dem don pass,
e go bi like desert for dia back.
Dem go distroy evritin finish.
4 Dem resemble horse and dem dey run fast-fast
like war horse.
5 Dem go dey make nois like war horse
wey dey run on-top mountin
and dia nois bi like dry grass
wey fire dey burn.
Dem bi like strong sojas wey ready to go fight.
6 Evribody dey fear and kry
as dem si dem dey kom.
7 Dem dey attack pipol like wariors
kon klimb pass wall like sojas.
All of dem dey mash strait dey kom;
dem nor dey bend or waka anyhow
8 or enter each oda front.
Dem waka pass many trap
and nor-tin fit stop dem.
9 Dem rush enter di town;
dey run up-and-down for di wall.
Dem klimb kon enter all di house thru window
like sey dem bi tif.
10 Di eart and sky dey shake
as dem dey kom.
Di sun and di moon kon dark wons
and stars nor shine again.
11 God vois bi like tonda as E dey lead en sojas
wey nobody fit kount.
And doz wey dey obey en kommand,
many and strong well-well.
Di day wey God choose go great well-well,
so na who go fit survive am?

*Turn Kom Meet God*

12 Dis na wetin make God sey,
"Make una turn from sin kom meet mi naw
wey time still dey.
Make una give mi una heart.
Make una fast, kry and mourn
as una dey kom meet mi.
13 Nor bi just to tear una klot,
but make una heart show
sey una don turn from sin kom meet mi."

Make una kom back kon meet di Oga
wey bi una God.
E dey kind and dey show mesi;
E dey patient and dey keep en promise;
E always dey ready to forgive
and nor bi to ponish pipol.
14 Who know weda di Oga una God go shange en mind
kon bless una with many-many food.
Den una go offa korn and wine gi-am again.
15 Make una blow di trumpet for Mount Zion;
koll di pipol gada kon orda sey make dem fast!
16 Make una gada di pipol;
prepare dem for di holy meetin;
bring di old pipol,
den gada all di shidren too.
Even pipol wey just marry
must kom out from dia bedroom.
17 Make di priest wey dey serve God for di altar,
stand and kry for di temple gate kon sey,
"My Oga God, make Yu sorry for yor pipol.
Nor allow oda nashons hate, laf and ask us sey,
'Where una God der?' "

### *God Save Di Land*

18 Den God go sorry for di land kon pity for en pipol. 19 God go ansa:
"Naw, I go give una korn, wine, olive oil
and una go chop beleful.
Oda nashons nor go laf una again.
20 I go remove di strong sojas wey kom from nort
kon drive dem enter desert.
I go drive dia leaders enter Dead Sea
and doz sojas wey dey lead dem,
I go drive dem enter Mediterranean Sea.
Dia dead body go smell well-well.
I go distroy dem,
bikos of all wetin dem do una.
21 So, make di land nor fear,
instead make una happy well-well,
bikos of wetin God don do for una.
22 Make una animals nor fear.
Di field go get grass;
di trees go bear dia fruit
and fig and grapes go plenty well-well again.
23 Zion pipol, make una happy,
bikos of wetin Oga God do for una.
Bikos E don give una rain.
E send both di early and late rain kom meet una,
just as E dey do before.
24 Korn go full una house;
wine and olive oil go full
where dem for dey press am.
25 Evry of una tin wey lokusts chop and distroy for doz years,

I go give dem back to una,
bikos na mi send doz lokust against una.
26 Una go get plenty food to chop kon beleful.
Una go praiz di Oga una God
wey don do many wonderful tins for una
and nobody go laf my pipol again.
27 Den, una Israel pipol go know
sey I dey with una
and una go sey,
'Na Yu bi awa God and nobody bi like Yu.'
Nobody go ever laf my pipol again."

### *God Day*

28 Afta all dis tins, I go put my spirit for una body.
Una shidren go prish my message;
di old pipol among una go dey dream dreams,
while di yong ones go dey si vishon.
29 For dat time, I go pour my spirit for una savants body;
both man and woman.
30 Make I warn una about dat day,
bikos blood, fire and smoke go full evriwhere,
both for di eart and for di sky.
31 Di sun go turn to darkness and di moon go turn to blood.
All dis tins go happen
before di great day wey God don choose,
go kom.
32 And evribody wey koll God name,
go dey save;
bikos on-top Mount Zion,
God go diliver pipol just as E tok.
Dem go survive with doz wey God don koll.

## 3

### *God Go Judge Di Nashons*

1 "For dat time, wen I don make Judah and Jerusalem prosper again,
2 I go gada and judge di pipol for Jehoshafat Valley,
bikos of wetin dem do my pipol.
Dem skata Israel pipol for evriwhere
kon divide dia land.
3 Dem trow dice take divide
who go take my pipol as slave.
Dem sell boys and girls as slave
kon use di money take buy wine and karry ashawo.
4 Tyre, Sidon and Filistia pipol,
wetin una dey do mi?
Una dey try to pay mi back for wetin I do?
If na so, den I go kwik-kwik attack una!
5 Una take my gold and silva
kon karry all my betta-betta tins go una temple.
6 Una sell Judah and Jerusalem pipol
give Greek pipol so dat dem go karry dem go far kountry.

7 But I go bring dem kom back from where una sell dem go.
Na wetin una do dem, na-im I go do una too.
8 I go make dem sell una shidren give Judah pipol;
dem go sell dem go Sabeans land wey far well-well.
Mi, wey bi God, don tok."
9 So make una tell pipol for difren kountry sey:
"Make una ready for war
and koll all una strong-strong men,
den gada dem go fight!
10 Make una do una swod well
kon sharpen una spears.
Even pipol wey weak or nor get pawa,
must fight.
11 All di nashons wey dey round una,
make dem join una as una gada for di valley."
So, my Oga God,
make Yu send yor sojas kom!
12 Di pipol must ready kom Jehoshafat Valley.
Na for der mi wey bi God go sidan judge all of dem.
13 Dem wiked well-well
and just as dem dey kut korn for harvest time,
na so too I go kut dem trowey
kon mash dem, just as dem dey mash grapes
until di wine kom out finish.
14 Plenty-plenty pipol dey Judgement Valley.
For der, God day go soon kom.
15 Di sun and moon don dark
and di stars nor dey shine again.

### *God Go Bless En Pipol*

16 God vois bi like lion own from Mount Zion;
en vois dey make nois from Jerusalem
and di eart with di sky kon dey shake.
But God go defend and protet en pipol.
17 "Den, Israel pipol, una go know
sey na mi bi di Oga una God.
I dey stay for Zion wey bi my holy hill.
Jerusalem go bi holy town
and strenjas nor go fit win am again.
18 For dat time, sweet wine go dey pour like rain from di mountins
and di hill go flow with milk.
Wota go dey evriwhere Judah,
but river go from God temple rush
go wet Shittim Valley.
19 But Egypt land go bi desert
and na only dirty go dey Edom land,
bikos dem attack Judah kon kill innocent pipol.
20 But pipol go full Judah land forever
and Jerusalem land go dey
from one generashon go rish anoda one.
21 My pipol wey I neva forgive before,

I go forgive dem
and mi wey bi Oga God
go stay for Jerusalem with my pipol."

# Amos

## Introdushon

For di first half for 8th century BC, Israel pipol wey dey for di nort kingdom kon strong well-well (2 Kings 14:23-25). For di forty-one year wey Jeroboam II rule di kingdom, di nashon win many war and di pipol kon woship God, as di pipol bilive God wey word wey sey, "God dey with us!" Dem kon dey wait for di day wen God go distroy all dia enemies and make Israel nashon so strong wey nobody go fit defeat dem again. Amos, wey en family bi sheferds and e grow up dey guide animals for Tekoa, for di sout-side for Judah, kon dey profesai. E go di great royal temple for Bethel, kon tok sey God dey prepare one nashon wey go skata Israel pipol. E sey dat day go dey dark well-well, as lite nor go shine at-all. God nor dey happy with Israel pipol bikos of dia plenty money, military pawa or di way dem dey live dia life. Pipol wey get money and pawa kon dey sofa poor pipol. God tell Israel pipol sey di only way dem nor go sofa for all di bad tins wey dem dey do, na if dem turn from dia sin kom meet Am.

Amazaya, wey bi di high priest for di temple for Bethel, kon akuiz Amos sey e nor loyal and e dey tok nonsense. So dem purshu Amos komot from di kingdom, but dem rikord evritin wey e tok and na some of en words dem first rite down among Hibru profesy. Na about 36 difren message dey di book.

*Introdushon*

1 Na one shepad from Tekoa wey en name bi Amos, tok dis word. Two
years before di eart shake kon distroy tins, wen Uzzaya bi king for Judah
and Jehoash pikin, Jeroboam dey rule Israel, God kon show Amos dis tins
about Israel. 2 Amos sey,
"God vois bi like lion own from Mount Zion;
en vois for Jerusalem bi like tonda nois.
All di trees and grass wey dey Mount Karmel,
dry finish."
3 God sey,
"Damaskus pipol don too sin,
so I go ponish dem naw,
bikos dem flog Gilead pipol
with stik wey get iron tit.
4 I go send fire kon burn di palis wey King Hazael build.
I go burn King Ben-Hadad strong-strong buildings rish groun.
5 I go skata Damaskus town gate;
I go remove di ruler from Aven Valley
kon kill di pesin wey whole di royal rod for Bet-Eden.
Dem go katch Aram pipol kon karry dem go Kir land as prisona."
Dis na wetin God tok.
6 God sey,
"Gaza pipol don too sin,
but I go ponish dem naw,
bikos dem sell a whole kountry
as slave give Edom pipol.
7 So I go skata Gaza town with fire

kon burn all di strong-strong buildings
wey dem hide put.
8 I go kill all di rulers
for Ashdod and Ashkelon town.
I go ponish Ekron town
and Filistia pipol wey remain, go die."
Oga God wey get pawa don tok.
9 God sey,
"Tyre pipol don too sin,
but I go ponish dem naw,
bikos dem sell a whole kountry
as slave give Edom pipol
and dem nor gri keep di agriment
wey dem make with Israel.
10 So, I go skata di town
kon burn all dia strong-strong building for der."
11 God sey,
"Edom pipol don too sin,
so I go ponish dem naw,
bikos dem kill Israel pipol wey bi dia own brodas
and dem nor sorry for dem at-all.
Dem vex kill dem anyhow
and dem nor dey taya.
12 So, I go distroy Teman town
kon burn Bozrah strong-strong buildings."
13 God sey,
"Ammon pipol don too sin,
but I go ponish dem naw,
bikos dem dey fight to get more land
and wimen wey get belle for Gilead,
dem tear dia belle open.
14 So, I go skata Rabbah town
kon burn all dia strong-strong buildings rish groun.
Wen di war start, pipol go dey shaut
and e go bi like wen heavy breeze
dey blow and strong rain dey fall.
15 Dem go karry dia king and en ofisas
as slave go anoda land."
Dis na wetin Oga God tok.

# 2

### *Judgement*

1 Dis na wetin Oga God tok,
"Moab pipol don too sin,
but I go ponish dem naw,
bikos dem nor respet Edom kings wey don die since;
instead dem burn dia bones to ashes.
2 So I go use fire take distroy Moab town
kon burn Keriot strong-strong buildings rish groun.
Moab pipol go die for war
and dia sojas go dey shaut and trumpet dey blow.
3 I go kill all dia rulers and leaders."

Dis na wetin Oga God tok.

4 God sey,
“Bikos Judah pipol don too sin,
I go ponish dem naw.
Dem hate wetin I tish dem
and nor gri obey my kommand.
Di same lie-lie gods wey dia grand-grand papa dem serve,
don deceive dem too.
5 So I go distroy Judah
kon burn all di strong-strong buildings
wey dey Jerusalem rish groun.”

### *God Go Judge Israel*

6 God sey, “Bikos Israel pipol don too sin,
I go ponish dem naw.
Dem sell innocent pipol bikos of silva
kon sell poor pipol, bikos of ordinary shoe.
7 Dem dey mash poor pipol head for san-san
kon push doz wey nor get who go help dem komot for road.
Papa and pikin dey sleep with di same woman
and like dis, dem don spoil my name wey dey holy.
8 For where dem for dey woship,
dem dey kover diasef with klot
wey dem kollect from poor pipol as payment for debts.
For inside God temple,
dem dey drink wine
wey dem kollect from doz wey dey whole dem money.
9 I distroy Amor pipol, bikos of my pipol;
men wey tall like cedar tree and get pawa like strong tree.
I distroy di fruit wey dey dia tree
kon skata di rut for groun.
10 Na mi still bring una kom out from Egypt;
lead una pass desert for forty years,
den give una Amor pipol land.
11 I make some of una pikin profets
and some of una yong men, I make dem Nazirites.
So God kon ask dem,
‘Israel pipol, nor bi trut I dey tok?’
12 But una make di Nazirite drink wine
kon sey make di profets nor prish my message.
13 But naw, I go distroy una finish
and una go kry with pain
like truck wey dem ova-load with korn.
14 Even doz wey dey run fast nor go fit eskape;
strong men nor go get pawa again
and sojas nor go fit save dia own life.
15 Men wey dey karry bow nor go fit defend demsef;
doz wey dey run fast nor go fit eskape
and men wey dey on-top horse
nor go fit save demsef.
16 For dat day, even di sojas wey strong well-well
go drop all di tins wey e take dey fight kon run.”

Na so Oga God tok.

# 3

*Israel Pipol Don Sin*

1 Israel and Judah pipol wey God take komot from Egypt, make una listin
to wetin E tok against una. 2 "Out of all di families for di eart, na only una
I know and kare for and bikos of dis, I go ponish una for all una sins."

*Di Profet Work*

3 Two pipol go fit waka togeda,
if dem nor gri?
4 Lion dey shaut anyhow wen e nor katch animal?
Or small lion dey karry shaut wen e nor dey chop?
5 Trap dey fit katch bird,
if dem nor use food take set am?
Abi trap dey komot from where dem set am put
if e nor katch animal?
6 Pipol nor dey fear,
if dem blow war trumpet for di town?
Abi wahala dey just happen for town,
wen God nor allow am?
7 Before God wey get pawa do anytin,
E go first show en plans to di profets,
wey bi en savant.
8 So na who nor dey fear if lion dey shaut?
God wey dey mighty don tok,
na who nor go tok about am?

*Wahala For Samaria*

9 Go tell di pipol wey dey stay for Egypt and Ashdod palis sey, "Make una
gada round di hills for Samaria! Make una si di wahala wey dey happen
for di town and di bad-bad tins wey dem dey do." 10 God sey,
"Propaty wey dis pipol use wahala and wayo get,
na-im dem pak full dia house
and dem nor even dey tok trut or do wetin dey rite."
11 So God sey, "Enemies go surround dia land,
distroy dia pawas kon tif dia propaty."
12 Oga God sey, "Na only few pipol for Samaria
go eskape with dia life
and with small piece for dia bed and chair.
E go bi like wen shepad save two leg
and some part of en sheep ear from lion mout."
13 God wey get pawa sey, "Make yu listin
and warn Jakob shidren-shidren sey,
14 'For di day wen I go ponish Israel pipol for dia sin,
I go distroy Bethel altars.
I go break and skata evry altar for der too.
15 I go distroy all di house wey rish pipol build
bikos of rain and dry sizin.
All di house wey dem use ivory stone take dekorate,
go fall skata and di big-big house go skata finish.' "

Na so Oga God tok.

# 4

1 Samaria wimen, una bi fat melu for Bashan!
Una dey ponish pipol wey nor strong,
wey dey poor and dey opress doz wey dey hongry,
den una go tell una husband,
"Give us more wine make wi drink."
2 Bikos God dey holy, E don promise sey,
"Di day dey kom wen dem go karry all of una
go for inside basket like fish wey hook katch.
3 Dem go drag una kom out from di small hole
wey dey una wall kon karry una go Harmon land."
Na so Oga God tok.

*Israel Pipol Nor Agri Learn*

4 God sey,
"Afta una, Israel pipol don go Bethel
go sin for di holy place and woship juju for Gilgal,
una go kon sakrifice animals for morning,
den for evry three days,
una go bring one out of evry ten tins wey una get kom.
5 Bread wey dem make with yist,
una dey bring am as ofrin to take tank mi
and dey karry body up bikos of di oda ofrins wey una give.
True-true, dis na di kind tin wey una like to do."
6 God sey, "Na mi make hongry dey una town,
but una nor still gri turn kom meet mi.
7 Na mi stop di rain to fall for una land three monts
before una go harvest wetin una plant.
Sometaims, I dey let rain fall for one town or field
and di oda town go dry well-well
bikos I nor allow rain fall for der.
8 So pipol dey stagga from one town go anoda town
go look for wota wey dem go drink,
but dem nor si enough wota drink and with all dis tins,
una nor still gri turn from sin kom meet mi."
Na so Oga God tok.
9 "I send hot breeze kon dry all wetin una plant.
Ant chop all wetin una plant for una vineyard,
even una fig and olive tree too.
Yet una nor still gri turn kom meet mi."
Na Oga God dey tok so.
10 "I send diziz kom meet una
like di one wey happen to Egypt pipol.
I kill una yong men for war
kon skata una horse.
I allow dead body dey smell for una kamps,
but una nor still gri turn kom meet mi."
Na so Oga God tok.
11 "I distroy some of una town,
just as I distroy Sodom and Gomorrah.

And una wey remain bi like stik
wey dey burn before dem komot am from fire.
With all dis one,
una still nor gri turn kom meet mi."
Na so Oga God tok.
12 Naw, Israel pipol, mi God go ponish una,
so make una dey ready to face my judgement!
13 "Na mi God kreate di mountins and breeze.
I allow human being know wetin I dey tink.
Na mi dey bring darkness to take kover lite
and I dey waka on-top di hill.
Na mi bi God and na mi get all di pawa."

# 5

*Turn Kom Meet God*

1 Israel pipol, make una listin to dis sorrowful song wey I dey sing give
una:
2 "Israel town wey 'neva sin wons'
don fall and e nor go fit raiz again!
E just dey groun like dat
and nobody gri help am."
3 God wey get pawa sey,
"One town for Israel send 1,000 sojas go fight,
but na only hundred pipol kom back;
anoda town send hundred,
but na ten kom back."
4 God tell Israel,
"Make una kom back kom meet mi
and una nor go die.
5 Make una nor go Beersheba go woship.
Make una nor find mi go Bethel,
bikos Bethel nor mean anytin again.
Make una nor go Gilgal,
bikos dem go soon karry en pipol
as slave go anoda land
and Bethel go turn empty land."
6 So, make una go meet God
and una nor go die.
If una nor go meet am,
E go kom on-top una like fire.
Di fire go burn Bethel pipol
and nobody go fit kwensh am or save una.
7 Israel pipol dey turn bitter judgement to bad one,
dem dey trowey wetin dey good and korrect for groun!
8 But e get one Pesin wey make di stars,
Pleiades and Orion.
E turn darkness to lite
kon turn day to nite.
E koll wota from sea
kon pour am put for di eart.
En name na God.
9 E distroy strong pipol

and di pawa wey dem feel sey dem get.
10 Una nor like anybody wey dey judge well
or tok trut for kourt.
11 So, since una dey opress and tif from poor pipol,
una nor go stay for di fine house wey una build
or drink wine from di fine vine wey una plant.
12 Una sin and all di bad-bad tins wey una do,
I know as dem bad rish.
Una ponish good pipol; dey take bribe
and nor allow poor pipol get korrect judgement for kourt.
13 So, to keep kwayet for dis kind evil time,
naim bi di best tin to do!
14 Make to do good dey sweet una,
nor bi wetin dey bad,
so dat una go get life.
Den Oga God wey get pawa go really dey with una,
just as una tok.
15 Make una hate bad tins
kon love to do good,
den dey judge well for kourt.
May bi God go sorry for di pipol
wey still remain for dis land.
16 So God wey get pawa sey,
"For di town, pipol go dey kry and mourn for evriwhere.
Dem go sey make farmers kry for dia land,
den dem go pay pipol wey go kom mourn with dem.
17 Na so-so kry pipol go dey kry for evry vineyards.
All dis go happen, bikos I dey kom ponish una."
God wey get pawa don tok.

### *Make Una Judge Well*

18 E go bad well-well for una wey dey wait for God day!
Wetin make una dey wait for dat day to kom?
Instead make di day bring lite,
na darkness go kom.
19 E go bi like pesin wey run hide bikos of lion,
but where e hide put or run enter,
na tiga e go meet for der!
Or like pesin wey run go hide for house,
but as e put en hand for wall,
snake kon bite am!
20 Instead make God day bring lite,
na darkness go follow am kom.
Dat day nor go good at-all,
bikos e go dark well-well.
21 God sey,
"I hate di juju feast wey una dey do;
I nor fit bear dem!
22 Wen una bring korn and burnt ofrin kom give mi,
I nor go asept am;
I nor go asept di animals
wey una kill kon offa give mi as ofrin.

23 Make una stop to make nois sey una dey sing;
I nor won listin to una harp wey una dey play.
24 Instead, make korrect judgement dey rush like river,
while raitiousness go bi like river wey nor dey dry.
25 Israel pipol, I nor ask una for sakrifice and ofrin
for doz forty years wey I lead una pass desert.
26 But naw, bikos una don woship Sikkut image,
wey bi una king god and Kiyyun wey bi una star god,
una go karry dem
27 follow body wen I take una as slaves
go anoda land wey far pass Damaskus.”
Oga God wey dey mighty don tok.

# 6

*Israel Go Skata*

1 E go bad well-well for una wey dey enjoy life for Zion
and una wey feel sey una dey save for Samaria.
Una tink sey na una strong pass,
bikos Israel pipol dey respet and koll una to kom help dem.
2 Make una go si wetin happen to Kalneh land,
den pass der go Hamat-Rabbah and Filistia pipol town for Gat.
Una nor si as dem distroy dem,
abi una betta pass dem?
3 Una nor won gri sey wahala dey kom
and wetin una dey do, go make am kwik kom.
4 E go bad well-well for una
wey dey relax for una big fine chair
kon dey chop betta meat!
5 Una dey sing difren songs and dey play harp,
just as David bin dey do.
6 Una dey drink wine from di basin
wey una dey use for sakrifice
and dey spray betta perfume for body,
but una nor kare about Israel land wey don skata.
7 So, na una dem go first katch as slave.
And all di food, drink and party wey una dey do,
go end.
8 Oga God wey get pawa don warn una well-well sey,
“I hate as Israel pipol proud rish;
I hate di strong and big-big house wey dem get.
I go give dia main town and evritin wey dey inside,
to dia enemies.
9 If na ten men remain for one family,
all of dem go die finish.
10 Wen dia rilashons;
di pipol wey go burn di dead body go kom
karry di body komot from di house,
dem go ask di pesin wey dey di house sey,
‘E get any oda pesin wey dey here with yu?’
Di pesin go ansa, ‘No!’
Den di rilashons go sey, ‘Kwayet!

Make yu nor just menshon God name.' "
11 True-true, make una si!
Wen God kommand,
both big and small house go skata to pieces.
12 Horse fit run well on-top rock?
Abi human being fit ride horse on-top wota?
Yet, una don turn bitter judgement to poizin
and good to bad.
13 Una dey boast sey una seize Lo-Debar town and una sey,
"Nor bi wi win and katch Karnaim town with awa own pawa?"
14 Oga God wey get pawa sey,
"Israel pipol, make una si!
I go send sojas kom distroy una kountry
and dem go opress una from Lebo-Hamat for nort
go rish Arabah River wey dey sout."

# 7

### *Lokust Vishon*

1 Dis na wetin Oga God show mi for vishon: I si as E dey prepare many
lokust to kom attack all di plant for di land. Dis tin happen afta dem don
harvest di king share and di remainin plant dey grow kom out. 2 For my
vishon, I si di lokust dey chop all di plant wey dey grow for di land, so I
sey,
"God wey get pawa, I beg,
make Yu forgive us;
wi nor go survive dis wahala
bikos wi nor plenty and wi weak well-well."
3 So God shange en mind kon sey, "Wetin yu si, nor go happen again."

### *Fire Vishon*

4 God kon show mi anoda strong vishon. For dis vishon, I si as E dey
ready to ponish en pipol with fire. Di fire burn di big sea, den e kon start
to burn di land.
5 Den I sey,
"Oga God, make Yu stop dis fire!
How wi go take survive dis fire,
bikos wi nor plenty and wi weak well-well."
6 So God shange en mind again kon sey, "Dis one nor go happen too."

### *Di Ruler Vishon*

7 I kon si anoda vishon. For dis vishon, I si God stand near one wall wey
dem measure well before dem build am and di ruler dey en hand. 8 E kon
ask mi, "Amos, wetin yu dey si?" I ansa, "Na ruler." Den E sey,
"I go test my pipol with dis ruler.
I nor go shange my mind again and I go ponish dem.
9 I go distroy all di place
where Isaak shidren-shidren for dey woship juju
and skata all dia holy place for Israel.
Jeroboam shidren-shidren nor go bi king again."

### *Amos And Amazaya*

[10] Amazaya wey bi priest for Bethel kon send message go give King
Jeroboam for Israel sey: "Among all di pipol, na Amos dey plan against yu
and di land nor go fit bear all wetin e dey tok. [11] Bikos dis na wetin Amos
tok: 'Jeroboam go die for war and dem go karry Israel pipol from dia land
go anoda land as slave.' "
[12] So Amazaya sey make dem tell Amos, "Komot for here, yu wey dey
profesai! Yor tok don too mush! Make yu go Judah town and kontinue to
prish for der, so dat dem go pay yu. [13] Nor profesai for Bethel again, bikos
na here di king for dey woship for di main temple."
[14] Amos ansa, "I nor bi profet before and I nor bi profet pikin. Na shepad
I bi and I dey kare for fig trees. [15] But God take mi from di shepad work
wey I dey do kon sey make I go profesai to en pipol, Israel. [16] So naw,
make yu listin to wetin God tok. Yu sey make I stop to profesai and warn
Israel pipol; make I nor prish against Isaak family, abi? [17] Naw, Amazaya,
God dey tell yu sey,

" 'Yor wife go turn ashawo for di town
and dem go kill yor shidren for war.
Dem go divide yor land
kon gi-am to oda pipol
and yu yorsef go die for yor enemies kountry.
Dem go must take Israel pipol from dia own land
kon karry dem go anoda land as slave.' "

# 8

### *Ripe Fruit Inside Basket*

[1] Dis na wetin Oga God show bi: For di vishon, I si one basket wey fruit
full.
[2] God kon ask mi, "Amos, na wetin yu dey si?" I ansa, "Na basket wey
fruit full." Den God tell mi, "Di end don kom for my pipol, Israel. I nor go
shange my mind again and I go ponish dem.

[3] "For dat day, na kry and mourning nois
go bi di song wey dem go dey sing for di palis.
Dead body go dey evriwhere
and evribody go kwayet
as dem dey go beri dem."

### *Israel Fall*

[4] Make una listin, una wey dey opress
and distroy poor pipol wey dey di town.
[5] Una dey tell unasef sey, "Wen di new moon festival go end sef,
so dat wi go fit go sell awa korn?
Na wen Sabat go end, make wi for fit sell again?
Wi nor fit wait to shit awa customers,
use wayo take measure tins,
so dat wi go get more money.
[6] Wi go buy poor pipol with money
and doz wey nor get anytin,
wi go buy dem with sandals
kon even sell awa korn kanda too."
[7] Naw, Oga God swear with en name sey:
"I nor go forget all dis evil tins wey una don do.

8 So di eart go shake
and evribody for di land, go sofa.
Di whole kountry go shake;
dem go raiz-up kon fall like Nile River for Egypt.
9 For dat day, I go make di sun vanish for aftanoon
and darkness go dey di eart for day time."
Oga God don tok.
10 "I go turn una festival to burial
kon shange una happiness to kry.
I go make una kut una hair kon wear sak klot,
den I go make una mourn
like sey una only pikin just die.
Dat day go bitter well-well.
11 Di time dey kom wen I go send honga kom di land.
Pipol go dey hongry, but nor bi for food.
Dem go dey thirsty, but nor bi bikos of wota;
instead dem go dey hongry to hear God message."
Oga God don tok.
12 "Pipol go dey waka up-and-down
from Dead Sea go Mediterranean Sea
kon from nort go east.
Dem go dey find God message for evriwhere,
but dem nor go si am.
13 For dat day, even strong men and wimen
go dey hongry to hear God word.
14 And doz wey swear with dat yuzles Samaria juju
or with Dan juju name
and vow with Beersheba juju,
go fall for groun and dem nor go raiz-up again."

# 9

*God Judgement*

1 I si God stand near di altar kon sey: "Make yu nak di temple pilas for
up, until di foundashon go shake.
"Break dem make e fall for di pipol head.
I go kill di remainin pipol for war
and nobody go fit eskape.
2 Even if dem dig and hide for inside grave,
I go still katch dem.
And if dem klimb go heaven,
I go bring dem kom down.
3 If dem hide on-top Mount Karmel,
I go find and katch dem.
If dem hide for bottom sea,
I go kommand di wiked animals for sea
make e bite dem die.
4 If dia enemies karry dem go as slave,
I go orda make dem kill dem.
I don ready to distroy dem and nor bi to help dem."
5 Oga God wey get pawa, tosh di eart and e shake;
evribody wey dey stay der dey mourn

and di whole world dey raiz and fall like Nile River.
6 God build en house for di heavens
and put di foundashon for dis eart.
E draw di wota wey dey di sea
kon pour am for di eart.
En name na God!
7 God sey,
"Israel pipol, una dey important to mi
pass Ethiopia pipol?
Just as I bring Filistia pipol kom out from Krete
and Siria pipol kom from Kir,
na so too, I bring una kom out from Egypt.
8 Mi wey bi God wey get pawa
dey look as Israel kingdom dey sin,
so I go distroy dem komot for dis eart.
But I nor go distroy Jakob shidren-shidren finish.
9 I go kommand make dem shake Israel pipol
just as dem dey shake korn wey dey tray.
I go shake dem with di oda kountries,
so dat di yuzles ones among dem go fall komot.
10 Doz wey dey sin among my pipol,
dem go kill dem for war;
pipol wey bin sey,
'God nor go allow anytin bad happen to us.' "

### *Israel Future*

11 God sey,
"For dat day, I go ribuild David kingdom wey fall.
I go ripair en fence kon build am back.
I go build am again kon make am bi as e bi before.
12 Den Israel pipol go take all wetin remain for Edom land
and all di nashons wey bi my own."
God don tok and na so e go happen.
13 God sey,
"Di day dey kom wen korn go kwik grow
even before harvest time rish
and grape go grow kon ripe
before dem suppose make wine.
Sweet wine go dey rush kom out from di mountins
and wine go dey flow for di hills.
14 I go bring my pipol kom back to dia land.
Dem go ribuild dia towns wey skata
kon stay der again;
dem go plant vine kon drink di wine;
dem go plant food for dia farm kon chop
wetin dem plant.
15 I go plant my pipol for di land wey I give dem
and nobody go fit rut dem komot again."
Na so Oga God tok.

# Obadaya

## Introdushon

Wen Babilon sojas enter Jerusalem for 540 BC, dia neighbours for Edom join Babilon sojas pak evritin wey dey di town go. Aldo Esau na Edom pipol grand-grand papa and Jakob wey bi Israel pipol grand-grand papa, na Esau broad, Edom pipol go help Babilon sojas kapture, kill and karry many Judah pipol go Babilon as slaves. Edom pipol nor sorry for Jerusalem pipol, as dem join di enemy sojas to skata Jerusalem. Profet Obadaya dey among di pipol wey Babilon sojas leave for Jerusalem wen dem skata and karry pipol go Babilon. E kon profesai against Edom pipol, bikos of di way dem trit Israel pipol wey bi dia relashon and neighbour and help dia enemies distroy dia town. E also tell en pipol sey God go kom save and make dem prosper again. For di end, e kon tell Judah pipol sey, Judah kingdom go kon bi God own again.

*God Go Judge Edom*

1 Dis na di vishon wey God give Obadaya about Edom pipol. God send en savant kom di nashons and dem hear di message wey God give dem sey:
"Make una ready!
Make una gada una sojas go fight Edom pipol!"
2 God tell Edom pipol,
"Make una si!
I go make una pipol weak and small well-well
among all di nashons and pipol go hate una!
3 Una pride don deceive una,
bikos una dey stay under rock where una dey save
kon build big house on-top mountin.
So una dey boast sey, 'Na who go fit kon meet
and attack us for der?'
4 But even if una fly like eagle or build una house among di stars,
I go bring una kom down!"
Na so mi, God, tok.
5 "Wen tif kom rob yu for yor house for nite,
dem go only tif wetin dem wont!
Wen pipol go plok grape for dia vineyard,
dem dey leave some for poor pipol!
But una enemies go distroy una finish!
6 Dem go tif evritin wey dey for Edom land!
Even di ones wey dem hide,
dem go look for dem kon karry dem go!
7 Doz wey dey help una go turn against una.
Dem go help una enemies porshu una
komot from una land.
Even doh dem dey plan to deceive and distroy una,
dem go promise una peace.
Una friends wey una trust pass,
go set trap for una and una nor go even know.
8 For dat time, one singol wise pesin

nor go dey for Edom land again.
Bikos on-top Edom mountin,
na der I go for distroy all doz wey get sense.”
Na so mi, God, tok.
9 “Doz strong sojas from Teman go fear
and dem go kill evribody wey dey Edom mountin.”

### *Why God One Ponish Edom*

10 “Bikos una use wikedness take kill una brodas for Israel,
na shame and distroshon go follow una forever.
11 Wen dia enemies dey attack dem,
una stand dey look and nor gri help dem.
Strenjas attack and karry all dia propaty
kon trow dice take divide Jerusalem,
but una bihave like sey Israel na una enemy.
12 Una nor for dey happy wen dem karry una brodas
as slaves go anoda land.
Una nor for happy at-all
wen Judah pipol dey sofa all dis tins.
Una nor for tok anyhow
for dat time wey Israel dey sofa.
13 Una nor for enter my pipol town
wen dem dey face wahala kon tif dia propaty.
Una nor for join dey tok anyhow
wen my pipol dey sofa.
Una nor for go tif my pipol propaty
wen una si sey dem dey weak.
14 Una nor for stand for road
dey kill doz una brodas wey dey try to eskape
and una nor for katch dia pipol
wey run as dem dey sofa.

### *God Go Judge Di Pipol*

15 “God Judgement dey kom for all di nashons!
Just as una do to Israel, na so too dem go do una.
All una evil works go fall for una own head.
16 Just as una swallow my pipol for my holy mountin,
na so too una and di oda nashons
go swallow di ponishment wey I go give una.
Una go drink kon stagga
until una disappear komot from dis eart.

### *Israel Go Win*

17 “But doz wey eskape,
go dey Mount Zion and e go dey holy again.
Israel pipol go kom back kon take all dia propaty.
18 Jakob shidren-shidren go bi fire;
Josef shidren-shidren go bi big smoke
and Esau pipol go bi like leaf wey fall for groun,
dem go burn dem rish groun,
bikos God don tok!
19 Den my pipol wey dey Negev
go kollect Esau mountin.

Doz wey dey stay near di hill for Judah
go take di betta land
wey dey Filistia, Efraim and Samaria.
Den Benjamin pipol go take Gilead land.
20 Doz wey dem katch for Israel before,
go kom back
kon stay for Foenicia wotaside
wey dey nort for Zarefat.
Jerusalem pipol wey dem katch and karry go nort
go kom back to dia house for Negev.
21 Doz wey dem save, go-go Mount Zion for Jerusalem
kon rule all di mountins for Edom
and Oga God go bi dia king!”

# Jonah

## Introdushon

Dis book na about God and Profet Jonah for 8th century BC wen King Jeroboam II dey rule Judah. Di book nor bi like di oda profets writing. E nor tok about vishon or message to Judah or di oda nashons but na about di drama between God and Jonah ensef. Na only one message dey dis intrestin book. Di story na about how God tell Jonah make e go warn Nineveh pipol sey E go distroy dia land bikos of dia sin. Na two main parts dey di drama. Di first one start as God dey repeat en kommand to Jonah make e go prish for di great town, Nineveh. Instead, Jonah go enter one ship wey dey go Tarshish, bikos e won hide from God and nor won go where God send am. Di sekond part happen wen Jonah dey inside one big fish belle. Afta God kommand di fish to vomit Jonah for Nineveh, Jonah go prish der and di pipol kon turn from dia sins go meet God, While di sekond part dey inside first one, di sekond part happen for Nineveh town wen Jonah nor dey happy bikos God get pity for di pipol. Jonah akshon for dis book na to show how pipol for Israel dey bihave to oda nashons. Instead make dem help oda nashons to know God just as E tell dem, so dat dem go dey save, dem dey si dis nashons as dia enemies and dey espect sey God go distroy doz nashons. Di book tish us sey, apart from Israel pipol, God still love di oda nashons. In-short, di message bi sey, God love di whole world.

*Jonah Run From God*

1 One day, God tell Jonah wey bi Amittai pikin 2 sey, "Make yu go Nineveh,
dat big town kon tell di pipol about my judgement wey dey kom, bikos I
don hear how di pipol for der wiked rish." 3 But Jonah kon plan to run
go anoda place, bikos e nor won do wetin God tell am. E travel go Joppa
where e for si one ship wey karry load dey go Tarshish. So e buy tiket kon
enter di ship, so dat e go fit hide from God. 4 But God send strong breeze go
kause wahala for di sea and bikos di breeze strong well-well, di ship won
kon break to pieces. 5 Di sailors kon dey fear; evribody bigin kry kon dey
pray to dia difren juju. Den dem kon dey trowey dia load for wota make di
ship for lite. By dis time, Jonah dey inside-inside di ship dey sleep. 6 Wen
di kaptain for di ship si am, e kon wake and ask am, "How kom yu fit dey
sleep for dis kind time? Make yu get up kon pray to yor God make E kom
help us. May bi E go sorry for us kon save awa life." 7 So di sailors kon
sey, "Make wi trow dice take know di pesin wey dey kause dis wahala for
us." So dem trow dice and e kon show sey na Jonah dey kause am. 8 Dem
kon sey, "Make yu tell us! Na who make dis tins dey happen to us so? Na
wish kind work yu dey do? Where yu from kom? Wetin bi yor kountry
name and wish tribe yu bi?" 9 Jonah ansa, "I bi Hibru pesin! I dey woship
God; di Pesin wey make heaven, land and sea." 10 Wen dem hear wetin e
tok, fear kon katch dem well-well, so dem ask am, "Wish kind tin yu do
so?" Di men tok like dis, bikos dem know sey e dey run from God, just as
e bin tell dem. 11 Bikos di breeze dey strong more-more, dem kon ask am,
"Wetin wi go do yu naw make dis breeze for stop?" 12 Jonah ansa, "Make

una trow mi inside di wota and di breeze go stop. Bikos na mi kause dis
wahala for una.” 13 Instead, dem kon try to padol di ship go land back, but
dem know fit, bikos di breeze strong well-well. 14 So dem kry to God sey,
“God wey get pawa, wi beg, make Yu know let us die, bikos of dis man!
Make Yu know ponish us sey wi kill dis innocent man, bikos Yu wey bi
Oga God, must do wetin Yu wont.” 15 So dem trow Jonah inside di wota,
den di breeze kon stop. 16 Dis tin make di men fear God well-well, so dem
offa sakrifice gi-am kon promise to serve am.
17 So God send one big fish go swallow Jonah. Jonah dey di fish belle for
three days and three nite.

# 2

*Jonah Pray*

1 As Jonah dey inside di fish belle, e kon pray to God. 2 E sey,
“I kry give Yu wen I dey wahala and Yu ansa mi.
Naw, I dey kry to Yu from where dead body dey,
so make Yu go kom help mi and hear my prayers.
3 Na Yu God trow mi inside dis deep sea.
Yu trow mi inside di river
and di wota and waves kon kover mi.
4 Den I sey, ‘Oga God,
Yu don drive mi
komot from yor present kpata-kpata
and I nor go ever si yor holy temple again!’
5 Di wota kover and almost kill mi.
Naw, I don sink enter di sea.
Even di leaf dem wey dey di sea,
don tie my head.
6 I sink go under di mountins
kon enter inside one place
where I go bi prisona forever.
But Yu, my God don take mi
komot from di pit.
7 Wen I tink sey my life don dey finish,
I kon pray give Yu and Yu hear mi
from yor holy temple.
8 Doz wey dey woship juju,
don abandon di good tins wey God suppose do for dem.
9 But as for mi, I go sing praiz Yu;
I go offa sakrifice give Yu
kon do wetin I promise,
bikos na only Yu fit save mi!”
10 Den God kon kommand di fish make e go vomit Jonah put for dry land.

# 3

*Jonah Go Nineveh*

1 God kon tell Jonah for di sekond time, 2 “Make yu go Nineveh, dat big
town kon tell di pipol my message.” 3 So Jonah obey God kon go Nineveh.
(Nineveh na one big town and e go take three days to waka round am!)

4 For di day wen Jonah enter di town, e kon tell di pipol, “Afta forty days,
God go distroy Nineveh finish!”
5 Nineveh pipol bilive God message, so dem kon sey make evribody fast
and wear sak and evribody, both small and old, do wetin dia leaders tell
dem. 6 Wen dia king hear di news, e get up from en throne, remove en
fine klot, wear sak kon sidan for ashes. 7 E kon kommand, “For inside
dis kingdom, Nineveh, mi and all my ofisas don gri sey: ‘Make nobody or
animal, chop or drink anytin. 8 Make evribody and dia animals wear sak
kon pray well-well to God, den turn from dia sin go meet am.’ 9 May bi
God go shange en mind kon stop to vex for us, den wi nor go die again!”
10 So wen God si wetin dem dey do: sey dem don really turn kom meet
am, E kon shange en mind and E nor ponish dem again, just as E bin won
do.

# 4

### *Jonah Kon Dey Vex*

1 Jonah nor happy bikos of wetin happen, so e kon dey vex. 2 Den e kon
dey komplain to God, “My God, before I komot from my kountry, I know
sey dis na wetin Yu go do? Na dis tin make mi try to run go Tarshish! I
know sey Yu dey sorry and kare for pipol and Yu get patient, dey kind and
instead of Yu to ponish pipol, Yu always dey ready to forgive dem. 3 So my
God, make Yu just kill mi. E betta make I die, dan dis life wey I dey live
so.” 4 Den Oga God kon ansa Jonah, “Na wish rite yu get to dey vex?”
5 So Jonah kon go sidan for di east side for di town. E arrange one small
place for der kon sidan dey wait to si wetin go happen to di town. 6 Den
God make one small plant grow kover Jonah, so dat e go fit rest well. So
Jonah happy well-well, bikos of di plant.
7 But di next day, God send one worm kom chop, distroy and kill di plant.
8 Wen sun start to shine, God kon send one hot breeze kom from east. Di
sun dey shine for Jonah head and e nearly faint. So as Jonah dey vex,
bikos di plant wey kover en head don die, e kon sey, “E betta make I die,
dan dis life wey I dey live so.” 9 But God tell am, “Wish rite yu get to
dey vex bikos of di small plant?” Jonah ansa, “I get evry rite to vex till I
die!” 10 Den God tell am, “If yu dey vex sey I kill dis plant wey grow for
only one nite kon die di next day; plant wey yu nor do anytin for or make
grow, 11 den why yu feel sey I know go sorry for Nineveh town wey dey
for darkness? Place where en pipol many pass one hundred and 20,000
and wey get many animals.”

# Mikah
## Introdushon

For late 8th century BC, wen Jotam, Ahaz and Hezekaya dey rule, na dat time Profet Mikah take tok to Judah kingdom wey dey sout. E tell dem sey bikos of di sin, wiked tins and juju wey Samaria and Jerusalem, wey bi di main towns for Israel and Judah, enemies go kom distroy and skata di towns rish groun. Di pipol don abandon God kovenant wey E make with dem and dem kon dey woship Kanaan pipol juju. Doz wey get money and pawa dey opress poor pipol. Dem nor gri obey Moses law again, so Mikah warn dem sey God go ponish dem, bikos of dia sins and send enemies to kom distroy dia kingdom and karry dia pipol as kaptives. Just as di profet tok, na so e happen, Assyria sojas take-ova Samaria for 722 BC and Babilon sojas distroy Jerusalem for 587/6 BC.

Mikah message also tok about di distroshon and how God go save and give dem back all wetin dem lost. All di three vishons and messages start with judgement. Mikah tell dem sey, bikos Oga God dey faithful and dey pity pipol, E bring di pipol wey remain back to dia own land. Dat time, na one king wey dey raitious go rule dem and dem go bi lite for di whole world and show all di nashons how dem go fit kom meet Oga God. God go help Israel pipol find dia place for di world.

*Introdushon*

1 Dis na di message wey God give Mikah wey kom for Moreshet town about Samaria and Jerusalem, for di time wen King Jotam, Ahaz and Hezekaya dey rule Judah.

*Samaria And Jerusalem Go Cry*

2 Make pipol for evriwhere listin!
Make evribody wey dey for dis world,
listin to wetin I dey tok.
God wey get pawa dey tok against una
and E dey kom judge una from en holy temple.
3 Si! God dey kom from en holy temple for heaven
and E go skata all di juju altars for dis world.
4 Den di mountins go melt under en leg like kandol
wey melt for fire
kon rush enter di valley like wota
wey dey rush kom from hill.
5 All dis tins go happen bikos of Israel pipol
sturbones and sin.
Una ask sey, "Na how wi take sturbon?
Na who dem go blame for Israel pipol sturbones?"
Nor bi Samaria wey bi di main town!
"Where di place wey dem for dey serve juju?"
Na Jerusalem dem dey!
6 "So mi wey bi God go turn Samaria
to where pipol go dey trowey dirty put
and dem go dey plant vine for der too.
I go skata en stones for di valley

kon espose en foundashon.
7 I go skata all di image
kon burn all dia juju propaty,
bikos dem buy dem with ashawo money
kon use dem pay ashawo for anoda place.”
8 So, I go kry and mourn.
I go just dey waka without klot and shoe.
I go jump like jackal
kon dey bihave like owl,
9 bikos my pipol sore too deep
and e don even rish Judah too.
Yes! E don rish Jerusalem gate.

### *Enemies Dey Near Jerusalem*

10 Make una nor tell Gat pipol;
make una nor let dem si una kry.
Make una sidan for groun for Bet-Leafra
kon pak san full una head.
11 Una, Shafir pipol, make una naked
make shame katch una
as dem dey karry una go as slave.
Doz wey dey Zaanan nor go try am
kom out from dia town.
Wen una hear Bet-Ezel pipol dey kry,
una go know sey dem nor even get who to help dem.
12 True-true Marot pipol dey wait
for who go save dem,
but God don bring wahala kom Jerusalem.
13 Lakish pipol, make una karry una horse
and propaty run.
Na una bi di first town for Judah
wey join Israel pipol sin
and una kon make Jerusalem pipol, sin too.
14 So, make una tell Moreshet-Gat town bye-bye.
Na Akzib pipol deceive Israel king.
15 Maresha pipol, God go give una to una enemies
wey go katch and skata una town.
Den Israel leaders go-go hide for Adullam town.
16 Judah pipol, make una mourn and shave una hair,
bikos dem go karry di shidren wey una love
go as slave.
Make una skrape una head like vulture own,
bikos dem go karry una small-small shidren
go work as slave for anoda land.

## 2

### *E Go Bad For Pipol Wey Dey Opress Odas*

1 E go bad for doz wey nor dey sleep for nite,
bikos of di bad tins
wey dem dey tink and plan to do.
For early morning, dem go rush
go do wetin dem plan,

bikos dem get pawa to do am.
2 Wen dem wont pesin land,
dem go dey find how dem go take seize am
and wen dem wont pesin house too,
dem dey take am by force.
Dem dey opress, shit
and take pipol propaty.
3 But dis na wetin God dey tok,
“I dey plan to distroy dis pipol
and dem nor go fit eskape am.
Trobol go follow dem,
den dem nor go dey waka with pride again,
bikos dat time go bad for dem.”
4 Wen dat time rish,
pipol go use una as song
take esplain how wahala bi
and dem go use una wahala take dey sing sey:
“Awa own don finish kpata-kpata!
God distroy, take awa land from us
kon gi-am to awa enemies.”
5 So wen di time rish to divide land for God pipol,
dem nor go give una any part.
6 But di pipol tell mi,
“Make yu nor tok like dat.
Nor prish like dat,
bikos dat kind wahala
nor go ever happen to us!”
7 Israel pipol suppose tok like dis?
God Spirit go get patient with dis kind karata?
But if una go gri do wetin dey korrect,
my word go konfort una.
8 But till naw, my pipol dey tok against mi
like sey I bi dia enemy!
Doz wey trust mi, una tif dia klot
kon let dem look like pipol
wey dey kom from war.
9 Una porshu wimen from dia house
kon take evritin wey God give dia shidren.
10 So make una komot der and dis land
nor dey save again,
bikos una don use sin skata am finish!
11 If lie-lie profet kon tell una sey,
“Make una dey drink wine and plenty strong drink!”
Una go happy, bikos dat na di kind profet
wey una dey like!

### *God Go Save En Pipol*

12 “One day, I go gada Israel pipol;
I go gada di ones wey remain,
just as dem dey gada animals for farm.
Yes! Pipol go plenty
kon dey make nois for una land again!

13 Una leaders go free demsef and kon free una.
From una enemies town,
God go take una go back to una own land.
Una kings go lead una again
and God go guide una by ensef."

# 3

*Mikaya And Israel Leaders*

1 I sey,
"Una wey bi leaders for Israel,
make una listin!
Na una suppose know good from bad,
2 but na una even hate good tins
kon love wiked tins.
Una dey kill my pipol alive
kon kut dia flesh from dia bone.
3 Yes! Una dey chop my pipol flesh,
remove dia skin kon break dia bones.
Una dey kut dem small-small
like meat inside pot.
4 But wen una dey trobol,
una go kom beg God make E help una!
Una dey espect sey God go ansa una?
Afta all di wiked tins wey una don do,
God nor go even look una face!"
5 Dis na wetin God tok:
"Una wey bi lie-lie profets dey make my pipol sin!
If pesin give una food chop,
una go sey make peace dey with am,
but doz wey nor give una,
una go won fight dem.
6 So, na only darkness una go dey si
and una nor go get any vishon.
Darkness go kover una
kon end evry hope wey una get.
Sun nor go shine for una profets head again a
nd una life go end like dat.
7 Den shame and disgrace go follow una pipol
wey dey si vishon.
Una go kover una face,
bikos God nor go ansa una."
8 But na God pawa and spirit dey my body.
E give mi sense to judge well
with strent to take tell Israel pipol about dia sin.
9 Una wey bi leaders for Israel,
make una listin to mi!
Una hate to judge well
and dey shange evritin wey dey rite.
10 Na blood and sin bi di foundashon
wey una build Jerusalem put.
11 Una leaders nor dey judge well,

bikos dem don take bribe
and una priest dem dey do dia work,
bikos of money.
Una profets nor dey profesai
unless dem first pay dem.
Yet all of una sey una trust God.
Una sey,
“Nor-tin go happen to us,
bikos God dey with us.”
12 So, bikos of una,
I go klear Zion like field;
Jerusalem go bi where dem dey trowey dirty put
and di temple go turn hill wey grass grow kover.

# 4

*Oga God Mountin*

1 For di last days, di mountin where God temple dey, na-im go high pass
all di mountins. E go high pass di hills too and pipol from evry nashon go
dey rush go der go woship God. 2 Pipol from many nashons go kom and
dem go sey,
“Make una kom
make wi go di Oga mountin
wey bi Jakob God house,
so dat E go tish us en laws
and wi go do evritin just as E wont am.”
Nor bi only di pipol for Zion and Jerusalem go hear God word,
but oda nashons go hear am too.
3 God go judge many pipol
kon setol di kworel wey strong nashons get.
Den dem go dey use dia swod and spears
take dey work for farm.
Pipol from difren kountry nor go fight each oda again
or train dia pipol to go fight war.
4 Evribody go stay for peace and dem go prosper.
Dem go enjoy dia own grape and fig tree,
bikos e nor get anytin wey go make dem fear.
God wey dey mighty don promise!
5 Even doh di nashons around us dey serve dia juju,
wi go woship and obey di Oga awa God
forever and ever.

*Israel Pipol Go Kom Back*

6 God sey,
“Di time dey kom wen I go gada doz wey nor fit waka;
wey bi slave for anoda kountry
and doz wey nor happy at-all.
7 Doz wey dey weak, go survive
and doz wey bi slave and prisonas for anoda kountry,
go kon bi one strong nashon.
Den mi wey bi God go rule Jerusalem
as dia king forever.”

8 But Jerusalem; di place
where nor-tin bad go happen to God pipol,
yor royal strent and pawa go kom back again.
Di king go get pawa for Jerusalem again.
9 But naw, wetin make una dey shaut and kry?
Una nor get king to lead una?
Abi dem don kill una wise men finish?
So wetin make una dey feel pain
like woman wey won born?
10 Jerusalem pipol, make una shaut and kry
like woman wey won born,
bikos dem must karry una go Babilon as slave.
But God go save una for der;
E go save una from una enemies hand.
11 Naw, many nashons don gada against una
kon sey, "Make dem skata di town!
Make wi look as dem dey distroy Jerusalem."
12 But dem nor know wetin God dey tink;
dem nor undastand en plans.
Dis pipol nor know sey God dey gada dem,
so dat dem go beat and mash dem
pass like korn wey dem mash for groun.
13 God sey, "Jerusalem!
Make yu raiz-up kon skata di nashons,
bikos I go give yu iron and bronze horn,
so dat yu go fit distroy many nashons!
Yu go give di propaty and di money wey dem tif
to Oga God wey dey rule di eart."

# 5

*God Promise*

1 Jerusalem pipol, make una gada unasef like sojas,
bikos enemies dey hide won kon attack una.
Dem go use rod take nak Israel leaders face.
2 But yu, Betlehem Efrat
yu bi one small town for Judah.
But na from yu di pesin wey go rule Israel
go from kom
and en family dey among Israel pipol since.
3 God go give Israel pipol to dia enemies
until di woman wey dey labor go born.
Den en own kountry pipol go kom back
to dia land from Babilon.
4 Wen e kom, e go lead di pipol
with God strent,
pawa and name.
Den en pipol go stay for peace,
bikos dem go dey honor am for evriwhere for di world.
5 E go give us peace.
Wen Assyria pipol kom attack
and break enter awa town,

wi go choose seven rulers wey go wosh ova us
and eight priests wey go lead us.
6 Dem go rule Assyria with dia swod
kon enter Nimrod land.
E go save us from Assyria pipol
wen dem kom attack us.
7 Den Israel pipol wey survive
go bi like dew for morning
wey God send kom di nashons;
like rain wey go make plant grow
and e nor dey wait for man before e fall.
8 Doz wey remain for Israel go skata
go oda nashons
and dem go bi like lion among animals for bush;
like yong lion wey dey mash
and kill oda animals without who go save dem.
9 Israel pipol go stand fight dia enemies
kon kill all of dem finish.
10 God sey,
"For dat time, I go kill una horse
and distroy una shariot dem.
11 I go skata una wall
kon distroy una pawa.
12 I go stop all di wiked tins wey una dey do
and nobody go help una dey si vishon again.
13 I go distroy and skata una juju pilas,
den una nor go ever woship di work
wey una take una hand make.
14 I go skata una juju shrine with dia Asherah juju
kon distroy una towns.
15 I go revensh and ponish all di nashons
wey nor gri obey mi."

# 6

### *God Kase Against Israel Pipol*

1 Make una listin to wetin God dey tok:
"Make una stand up kon tok wetin I do una.
Make di mountins and hills bi witness
to wetin una dey tok.
2 Naw, make di mountins listin to God!
E get kase against en pipol.
E go tok wetin Israel pipol do.
3 My pipol, wetin I do una?
Wetin I do wey make una taya for mi?
Make una ansa mi naw!
4 Na mi bring and save una from Egypt
where una for bi slave.
I send Moses, Aaron and Miriam kom help una.
5 My pipol, una nor remember
how King Balak for Moab try to curse una,
but instead na blessing Beor pikin Balaam, bless una?

Make una remember as una travel from Shittim go Gilgal
and mi, God do evritin wey I fit do to tish una
sey I dey faithful."
6 Na wetin wi fit give God?
Na wish kind ofrin wi won gi-am?
Make wi bow woship God with melu ofrin?
7 Make wi gi-am tazon rams
and 10,000 river wey full with olive oil?
Make wi sakrifice awa first-born
gi-am to take pay for awa sins?
8 No! My pipol, God don tell una wetin dey good
and wetin E wont from una,
na to dey do wetin dey rite; show love;
dey obey and respet am.

### *God Go Distroy Wiked Pipol*

9 If una dey wise, make una fear God!
E dey koll evribody from Jerusalem sey:
"Di sojas wey go distroy, dey kom
and na God dey send dem kom so.
10 Wetin I wont tok about wiked pipol house
wey full with propaty wey dem kollect thru wayo?
Dem dey shit pipol for market
and I hate dat kind tin.
11 How I won take bilive una
wey dey sell and measure with wayo cup?
12 Di rish pipol among una
dey get more money thru wayo and wikedness.
Una pipol don too good with lie
and trut nor dey dia tongue again.
13 So, I go wound una!
I go distroy una,
bikos of all di sin wey una don kommit.
14 Even wen una chop,
e nor go ever beleful una
and una go still dey hongry
like sey una neva chop at-all.
Even doh una dey try to save money,
e nor go mean anytin for di end.
Una go save small,
but I go gi-am to doz wey go distroy una.
15 Even wen una plant,
una nor go harvest anytin.
Una go press una olive fruit,
but una nor go get enough oil to anoint unasef.
Una go mash di grape,
but una nor go get any wine to drink.
16 Una dey obey only King Omri wiked laws
and una wiked like King Ahab!
So, I go use una as ezample
kon distroy una finish.
Dem go ponish una and evribody wey si una,

go laf well-well.”

# 7

*Israel Sin*

1 E don finish for mi!
I bi like pesin wey nor si fruit chop
or si fruit pick afta dem don harvest evritin.
2 Betta pipol wey dey fear God,
don die komot di eart
and e nor get anybody
wey dey good and honest for dis eart again.
Evribody for di eart dey wait to kill each oda;
dem dey set trap dey wait dia brodas for road.
3 Dia hand dey only like to do bad tins!
Doz wey bi ofisas and judge,
na only bribe dem wont.
Doz wey get pawa,
dey use am get wetin dem wont.
4 Even di pesin wey good pass among dem,
bi like shuku-shuku;
di one wey dey fear God pass among dem,
wiked pass many shuku-shuku wey dem tie togeda.
But di day wen God go judge dem, dey kom;
di time wey E go ponish dem for evritin.
5 So make una nor trust anybody;
even if di pesin na una best friend or wife!
6 Bikos boy pikin go rijet en papa
and na so too girl pikin go rijet en mama.
Wife go sey e nor know en husband mama
and una enemy, go bi una family memba!
7 But as for mi, I bilive sey God go kom help mi.
I dey wait for God with all my heart,
so dat E go save mi.
Yes! My God go hear mi.
8 So my enemies, make una nor happy,
bikos of mi!
Bikos wen ever I fall, I go raiz-up again.
Even doh I dey for darkness,
Oga God go bi my lite.
9 I go dey patient as God dey ponish mi,
bikos I don sin against am.
But afta E don ponish mi,
E go fight for mi kon make mi win.
God go take mi enter di lite
and I go si en raitiousness.
10 Den my enemies go si sey God dey for my side
and shame go katch dem.
Dis na di same enemies wey ask sey,
“Where dat yor Oga God dey?”
And naw, I go si as dem dey fall
and I go mash dem pass

like portor-portor for road.
11 For dat day, dem go ribuild Israel town
and dia land go wide well-well.
12 Pipol go from difren land kom honor una;
dem go kom from Assyria go rish Egypt town;
from Egypt to Eufrates River
and from di far sea go di mountins.
13 But di land go still dey empty and dirty go full am,
bikos of di wiked tins wey doz
wey dey stay der before, don do.

### *God Sorry For Israel*

14 Naw, my God, make Yu protet yor pipol
with yor shepad stik.
Make Yu lead yor pipol
wey dey special for yor eye.
Even doh dem dey stay alone for bush,
make yu let dem chop betta food
wey dey Bashan and Gilead,
just as dem dey do before.
15 God sey,
"Yes! I go do big mirakle among una;
di kind ones wey I do wen I save una from Egypt
where una for bi slaves."
16 All di nashons for di world go stand sopraiz
for wetin God go do for una.
God mighty pawa go make dem konfuse.
Dem go sopraiz kon kwayet
dey look evritin wey dey happen.
17 Just as snake dey creep kom out from whole,
na so too dem go fear kon turn
kom meet di Oga awa God.
18 E nor get anoda god like Yu;
Yu dey forgive yor pipol wey survive.
Yu nor dey vex forever, instead, Yu dey happy
to show yor pipol yor love wey nor dey end.
19 Yes! Yu go sorry for yor pipol.
Awa sins go dey under yor leg
and Yu go trow dem go under di sea!
20 Just as Yu promise awa grand-grand papa,
Abraham and Jakob,
na so too Yu go show us yor faithfulnes
and love wey nor dey fail.

# Nahum
## Introdushon

For 612 BC, Assyria sojas nor too strong again and Babilon, Medes and Scytia sojas attack and almost distroy di main town, Nineveh. So, pipol for di nashons wey Assyria sojas opress before, nor sorry for Assyria pipol. Dem bilive sey di ponishment don suppose happen to Assyria pipol since, bikos dem don too ponish oda pipol. Profet Nahum tok about all dis tins wey Judah pipol dey tink among demsef. E sey tins dey happen like dis, to show sey na Oga God dey rule di world. Even doh God don bin use Assyria pipol as E wont, E go judge dem, bikos dem ova distroy di towns and don bigin dey proud. Nahum message diskribe how God dey bihave and how E get strong pawa. E also announce how God go judge Assyria pipol and konfort Judah pipol. Den e tell Nineveh pipol sey wahala dey kom for dem and no matter how Assyria pipol defend demsef rish, e nor go save dem but dem go skata. Oda nashons go distroy and karry evritin wey dey di town. Na dis bi God judgement for Assyria.

*Introdushon*

1 Dis na di message wey God give Nahum wey kom from Elkosh town and na about Nineveh pipol.

*God Vex For Nineveh*

2 Oga God dey jealous well-well;
E dey ponish doz wey dey oppoz am
and E dey fight against en enemies!
3 Oga God nor dey kwik vex,
but en pawa dey great.
E go must ponish wiked pipol.
E dey show en great pawa thru strong breeze and heavy rain.
Na di kloud bi di dust wey dey under en leg.
4 God kommand di river and e kon dry wons;
E make all di river dry rish groun.
E distroy Bashan and Karmel land
and all di trees for Lebanon, dry finish.
5 For God present, mountins dey shake
and hills dey melt trowey.
Wons God appear,
di eart go shake and
evribody for di world, go fear.
6 Na who fit stand wen God dey vex?
Who fit survive en vexnashon wey bi like hot fire?
En vexnashon dey burn like fire
and mountins dey skata to pieces for en present.
7 Oga God dey good,
E dey protet en pipol wen dem dey trobol
and E dey kare for doz wey trust am.
8 But E go use heavy rain take distroy en enemies finish
kon porshu dem enter darkness.
9 Wetin make una dey plan against God?

Na wons E go distroy una finish
and trobol nor go happen for di sekond time!
10 En enemies bi like dry shuku-shuku for bush.
Yes! Dem bi like pesin wey don drink well-well.
True-true, fire go burn dem like dry grass.
11 Na who bi dat wiked pesin for Nineveh
wey dey plan against God?
12 So Israel pipol, dis na wetin God tok:
"Even doh Assyria sojas get pawa
and dem many well-well,
I go distroy and skata dem finish for dis world.
My pipol! I know sey I don ponish una before,
but I nor go ponish una again.
13 Naw, I go skata and distroy Assyria pipol
and dem nor go worry my pipol again."
14 For Nineveh, God tok about Assyria pipol sey:
"Una nor go get shidren
wey go bear una name again.
I go skata and distroy all di gods
wey dey una temple
and I dey prepare una grave,
bikos una dey make mi vex!"
15 Si! One messenja dey from di mountin
kom give una good news!
E dey bring peace message kom.
So my pipol for Judah, make una celebrate
kon do wetin una promise,
bikos una wiked enemies nor go ever enter una land again
and God go distroy dem finish.

# 2

## *God Go Distroy Nineveh*

1 Nineveh pipol, somebody dey kom
attack and skata una land.
So, make una guide una town well-well
and wosh una road too!
Make una dey strong and ready to fight!
2 Judah and Israel pipol bi like tree
wey en enemies break en branches,
but Oga God go make dem grow again
kon give dem glory and pawa.
3 Na red dem take paint una enemies shield!
Naw, make una si di red klot wey di sojas wear!
Make una si as dia shariot dey run togeda
and spear dey di sojas hand.
4 Di shariot dey run anyhow for di street.
Dem bi like tonda lite
and dem dey run fast-fast like lite wey flash pass.
5 Di king shaut koll en ofisas;
dem dey run fall as dem dey rush go guide di town.
6 Dem don skata and open di river gate!

Di palis go soon fall!
7 Dem don disgrace and karry Nineveh pipol
go anoda land.
Dem don drag dia kween go.
En girls savant dey mourn for am;
dem dey kry like dove kon dey nak dia chest.
8 Nineveh town full with pipol before,
but naw, all di pipol don run komot.
Even wen somebody shaut,
"Make una stop! Make una nor run!"
But nobody gri listin to am.
9 So naw, make una pak dia silva and gold,
bikos Nineveh propaty many well-well!
Nobody fit kount di money wey dem get.
10 Na wons dem tif and empty evritin for di town
kon turn am to where dem dey trow dirty put.
Dia heart melt and dia leg kon dey shake.
Honga won kill pipol and pipol face
don dey shange kolour!
11 So wetin don happen to Nineveh,
dat great town?
Dat place where lion full?
Just as lion and en shidren nor dey fear to waka,
na so too di pipol for der nor dey fear to waka before.
12 Di lion dey kill wetin e katch
kon tear dem to pieces for en wife and shidren.
Na flesh full di lion house.
13 But Oga God wey dey lead Heaven Sojas sey,
"Nineveh pipol, I bi una enemy!
I go burn una shariot
kon kill una yong men for war.
Evritin wey una take from oda nashons,
I go take dem from una hand
and nobody go hear una messenjas vois again."

# 3

*Curse Dey Nineveh*

1 Curse dey di town wey full with innocent pipol blood!
Na lie-lie and propaty wey dem tif,
naim full der and na to kill pipol bi dia work.
2 Make una listin as di pipol
wey dey drive di shariot,
dey whip di horse dem as dem dey kom di town
and as dia taya dey shake di groun.
3 Dem dey ready to kill.
Dia swod and spear dey shine
as dem dey kill pipol for evriwhere.
Nobody fit kount di pipol wey dem kill
and doz wey remain dey run fall on-top di dead body dem.
4 All dis tins dey happen,
bikos Nineveh pipol too do ashawo,

dem don sharm odas nashons
and make dem dia slave.
5 Oga God sey, “I bi una enemy!
Naw, I go let all di nashons si una nakednes,
den shame go katch una.
6 I nor go trit una with respet,
instead I go kover una with dirty
kon turn una to wetin pipol go dey look
kon dey laf.
7 Evribody wey si una go-go back kon sey,
‘Nineveh own don finish!
Where dia pipol wey dey kill odas?
Who dey kry sey dem distroy una?’ ”
8 Nineveh, una betta pass Tebes town
near River Nile?
Na di river bi di wall wey dey protet am.
9 Na Ethiopia and Egypt bi Tebes pawa before
and nor-tin fit stop am;
bikos Libya and Put pipol dey kom support am too.
10 Yet, dem still karry en pipol go as slaves.
Dem kill dia shidren for evriwhere for di street.
Dem shain and divide Egypt sojas among demsef
kon karry dem go as slave.
11 Naw, Nineveh, yorsef go stagga fall
like who don drink.
Yu go run go hide from yor enemies,
den yu go kom dey beg for help.
12 All wetin dey guide yu, go fall.
Dem go skata dem fall like fig fruit
wey don ripe:
wons dem shake di tree,
di fruit go fall enter dia mout.
13 Una sojas weak like woman
wey nor get who to help am.
Dem go open una town gate for una enemies
and dem go put fire kon burn am rish groun.
14 Naw, dem dey attack una town,
so make una fetch enough wota!
Make una defend una town well-well
kon make betta stones with mud,
den ripair di fence.
15 But know matter wetin una do,
fire go still kill una;
una enemies go kill una like lokust.
Dem go kill evritin wey dem si
and una nor go fit eskape,
even if una plenty like many lokust.
16 Una tradas many!
Dem plenty pass stars for sky!
But dem go fly go like lokust.
17 Una prince and ofisas bi like plenty ant.

Dem dey gada togeda for one place
bikos di weda dey kold.
But wons sun kom out,
dem go fly go kon disappear!
18 Assyria king! Yor leaders don die
and yor ofisas don sleep go forever!
Yor pipol skata on-top di mountin
and nobody dey to bring dem kom house again.
19 Yor sore nor get cure
and nobody go fit heal yu again.
Doz wey hear as dem take distroy yu,
dey klap and sing with joy,
bikos yor wahala and trobol, too mush.

# Habakkuk

## Introdushon

For late 7th BC century, wen Babilon sojas don almost take pawa from Assyria sojas hand, Profet Habakkuk kon tok with God well-well. Dis book na komplain or kry to God until E go ansa di kweshon wey dey di profet heart. Wen God ansa Habakkuk kry, e finish am with one song about di konfidence wey e get about di viktory wey God don already give dem.

Di profet first of all ask how long God go allow wiked pipol to dey prosper? But di reply bi sey na God raiz Babilon pipol to korrect en pipol. Dis kon make Habakkuk ask anoda kweshon sey: Wetin make Yu allow wiked pipol dey kill and distroy doz wey betta and raitious pass dem? God ansa again kon sey, E go judge Babilon pipol just as E judge Assyria, so make raitious pipol get patient and faith until di tins go happen. God show sey nor-tin go fit stop di wahala wey go kom jam Babilon pipol.

Wen Habakkuk don tok to God finish, di book kon follow wetin dem dey kol Habakkuk Prayer. But di way dem rite di prayer show sey song e use take pray. Habakkuk celebrate how God save Israel pipol before and pray make God do am again. Di profet kon konklude sey e betta make e wait for di time wen God go kom, bikos na dat bi di best time.

1 Dis na di message wey God give Profet Habakkuk:

*Habakkuk Komplain To God*

2 Oga God, e don tey wen I dey kry make Yu kom help mi,
but Yu nor gri ansa!
I kry sey, "Trobol dey evriwhere!"
But Yu nor still gri kom save mi.
3 Why Yu allow mi dey face dis kind trobol?
Must I si all dis wahala wey dey happen to mi?
Anywhere wey I look, na only wahala and distroshon I dey si.
Na pipol wey love to kworel and fight, dey round mi.
4 Bikos of dis, di law dey weak and yuzles and doz wey dey judge,
nor dey judge well at-all.
Wiked men dey opress good pipol;
dem don turn betta judgement up-side-down.

*God Ansa*

5 God ansa,
"Make yu look di nashons well and wetin yu go si,
go sopraiz yu!
I go do sometin naw wey yu still dey alive
and even wen pesin tell yu,
yu nor go bilive.
6 I won give Babilon pipol pawa;
doz wiked pipol wey nor dey sorry for odas.
Dem go mash round di world
kon seize all di oda nashons.
7 Pipol dey fear dem well-well
and dem dey do wetin dem like.
8 Dia horse fast pass leopard

and e wiked pass wolf for desert.
Dia men dey ride di horse kom;
dem bi like eagle wey
dey rush go kill en enemy.
9 All of dem dey kom with wahala;
dey rush dey kom like breeze for desert
and dem go gada di pipol wey dem katch
like sey dem dey gada san.
10 Dem dey ponish kings
and use dia leaders make yeye.
Dem dey laf all dia strong-strong towns.
Dem dey kover towns with san-san kon seize dem.
11 Dem dey pass like breeze wey dey blow.
But dem really dey guilty,
bikos dem bilive sey, na dia pawa as dia god."

### *Habakkuk Komplain Again*

12 My Oga God, di Pesin wey dey holy,
Yu wey dey since and go always dey.
Oga God wey bi awa Rock,
Yu nor dey plan to kill us finish,
Yu only send Babilon pipol to kom korrect and ponish us
bikos of awa sin.
13 Yor eyes too dey holy to si bad tins
and Yu nor dey like si pipol wey dey do wiked tins.
So wetin make Yu dey sorry for dem?
Wetin make Yu kwayet wen wiked pipol
dey distroy pipol wey good pass dem?
14 Yu dey trit pipol like fish for sea
or like animal for wota
wey nor get who dey kontrol dem.
15 Babilon pipol dey hook and katch pipol like fish
kon karry dem go for net
as dem dey happy
bikos of wetin dem katch.
16 Dem even dey woship
and offa sakrifice give dia net
kon dey sey,
"Na dis net bi di god
wey make us get money well-well!"
17 Yu go allow dem ponish pipol forever?
Dem go dey distroy nashons forever?

# 2

1 I go stand for where I for dey guide and look well-well.
I go wait make I for know wetin God go tell mi
and how E go take ansa my komplain.

### *God Ansa*

2 So God ansa:
"Di vishon wey I dey tell yu naw,
make yu rite am down make e klear,
so dat anybody wey read am,

go undastand am well-well.
3 Make yu rite am even doh e neva rish time for di vishon to happen.
But di time go soon rish and wetin I show yu,
go happen.
E fit bi like sey e nor go happen,
but make yu wait; e go must happen
and e nor go tey again.
4 Si proud pipol,
all wetin dem dey do nor dey good for my eye.
But doz wey dey do good, go get long life,
bikos dem dey obey my laws.
5 True-true, wine go disgrace proud and wiked pipol!
Dia mout wide like grave and just as deat nor dey beleful,
na so too nor-tin dey beleful dem.
Bikos of dia long-trot,
dem don gada nashons kon swallow many pipol.
6 "But very soon, di pipol wey dem katch, go ponish who katch dem.
Dem go sey,
" 'Una take wetin nor bi una own and naw,
una own don finish!
But na how long dis kind tin go kontinue?'
7 Den pipol wey una dey whole money,
go kom kollect dia money.
Dem go turn face una kon take evritin wey una get.
8 Una don tif from many nashons,
so doz wey still dey alive, go tif from una.
Una don kill pipol
kon kause wahala for di whole world.
9 So e betta make una die, dan to dey build big-big house with money wey una tif.
Una do like dis, so dat una go fit run from wahala and trobol.
10 Una don disgrace unasef
and una life don finish,
bikos of di pipol wey una kill
and as una take distroy many nashons,
na so too dem go distroy una.
11 Even di stones for wall and ceiling dey kry
and komplain against una.
12 Una wey build town with money wey una play wayo
and kill pipol take get, na curse go follow una.
13 But make una dey sure about dis!
Oga God wey dey kommand heaven sojas don tok:
Evritin wey di nashons dey do nor mean anytin;
all dia work go dey yuzles.
14 Just as wota full sea,
na so too dem go know about God glory
for evriwhere for dis world.
15 Una wey dey make una neighbours drink too mush,
so dat dem go naked and disgrace demsef,
na big curse dey una head.
16 Instead make dem honor una, na disgrace go follow una

and na una by unasef go drink kon stagga fall.
God go make una drink from una own ponishment cup
and una honor go turn to disgrace.
17 Just as una distroy Lebanon,
na so too dem go distroy una finish.
Una kill all di animals wey dey der,
but naw, animals go worry and kill una.
Dis tin go happen, bikos of di pipol wey una kill
and di wahala wey una kause for dis world.
18 Na wetin juju dey good for?
Nor bi sometin wey pesin make with en hand?
Na wish good e do wey go make who make am,
trust am?
Na god wey nor fit tok!
19 Curse dey una head!
Una dey tell ordinary wood and stone sey,
'Make una wake-up kon save us!'
Juju go fit tell una anytin?
Dem fit make am with silva and gold,
but e nor get life at-all.
20 But Oga God dey en holy temple,
so make evribody for di world,
keep kwayet for en present."

# 3

*Habakkuk Prayer*

1 Dis na di prayer wey Profet Habakkuk pray:
2 My God, I don hear evritin wey Yu do
and e sopraiz mi well-well.
Even naw for awa time,
make Yu still do dat wonderful tin wey Yu do before.
Even wen Yu dey vex, make Yu sorry for us.
3 God dey kom from Teman;
God wey dey holy dey kom from Mount Paran.
En glory kover di heavens
and na en praiz full di eart.
4 E dey shine like sun as E dey kom
and lite dey shine from en hand,
where en pawa der.
5 E send diziz go for en front
kon kommand deat follow am for back.
6 Wen E stop, di eart go start to shake
and wen E look, di nashons go bigin fear.
All di mountins go skata;
di hills wey dey since go sink
and E go dey forever and ever.
7 I si Kushan pipol dey fear
and as Midian pipol dey waka dem kon dey fall.
8 My God, na di sea make Yu dey vex?
Yu really dey vex for di river dem?

No! Yu dey kom with yor shariot kon save us!
9 Yu dey ready to use yor bow kon shot yor arrow.
Yor lite for heaven dey divide di eart into two.
10 Mountins dey fear as dem si Yu;
rain dey fall from di kloud
and waves for sea dey raiz
and make nois bikos of Yu.
11 As dem si yor arrow dey kom with speed
and as yor spear dey shine,
di sun and di moon nor fit move
komot from where dem dey.
12 Yu vex mash pass di eart
and as Yu dey vex,
Yu kon skata all di nashons.
13 Yu go save yor pipol
and di king wey Yu choose.
Na Yu kill di pesin wey dey lead wiked pipol
kon distroy doz wey dey follow am.
14 Wen en sojas gada dey kom like strong breeze
to kom skata and opress us,
Yu kill dem with yor arrow.
15 Yu mash di sea with yor horse
and di mighty river kon dey foam.
16 I fear well-well wen I hear all dis tins
and my lips kon dey shake.
Fear and kold katch mi at wons.
I go really wait for di time wen God go ponish
doz wey dey attack us.
17 Even doh di fig and olive tree nor get fruit naw
and di grape nor gri grow for di vine
or sey di land produce korn
and all di animals don die,
18 I go still dey happy and sing for joy,
bikos na Oga God dey guide mi.
19 God wey get pawa dey give mi strent.
E make mi stand strong for groun
like deer kon keep mi save on-top di mountin.
(For di kwayamasta:
Make dem sing dis song with instrument like, jita.)

# Zefanaya

## Introdushon

Wen Manasseh bi king for Judah, Judah pipol kon do many bad tins pass: like koroupshon, wikedness and dey serve oda gods. But wen Manasseh grand-pikin, Josaya dey rule, e kon bring di pipol back to God and Judah kon dey rule demsef. Dis happen bikos one pesin among di leaders for Josaya palis stand up kon warn dem, sey di kovenant wey Judah pipol break so, go distroy dem if dem nor turn go meet God. And dat pesin wey warn dem so, na Profet Zefanaya. Di book diskribe Zefanaya as Hezekaya great-great grand-pikin and e bi one profet wey wi fit trace en family go back to en grand-grand papa. Di book show how Zefanaya and di king bring di pipol kom back to God. E bi like sey Zefanaya get royal blood for body, bikos e know many places, pipol and major activities for Jerusalem town. E diskribe how di day go bi, wen God go judge Jerusalem and Judah pipol.

Na three parts dey di profesy. Di first one diskribe how tins go happen for di day wen God go judge Judah and Jerusalem pipol. Di next part tok to di pipol, sey make dem turn from sin kom meet God and di distroshon wey dey kom to Filistia, Moab, Kush (Ethiopia pipol), Assyria and Jerusalem pipol. For di final part, Zefanaya promise sey God go make di pipol wey remain dey humbol wen E go kom back as Strong Warrior among di pipol.

1 Dis na di message wey God give Zefanaya for di time wey Amon pikin,
Josaya bi king for Judah. Kushi wey bi Gedalaya pikin, naim bi Zefanaya
papa and na Amaraya wey bi Hezekaya pikin, born Gedalaya.

*Judgement Warnin*

2 God sey,
"I go swip evritin komot from dis eart.
3 I go swip both pipol and animals.
I go distroy di birds for di sky
and di fish for sea.
I go turn wiked pipol place
to where dem dey trowey dirty put
kon distroy human being komot from dis eart.
4 Na with my hand I go take skata Judah,
Jerusalem and evritin wey koncern di Baal juju
wey dem dey woship.
I go distroy all dia wiked priests
and nobody go remember dem again,
5 bikos dem klimb on-top dia house
go bow for di sun, moon and stars.
Dem dey klaim sey dem dey follow God,
but dem still dey woship Molek juju.
6 I go distroy doz wey bin dey woship mi,
but nor dey woship mi again.
Dem nor dey ask make God guide or bless dem again."
7 So make una stand for God wey get pawa front,
bikos di wonderful day wen God go judge di world,

don near.
God don prepare to distroy en pipol
and E don choose who go kill dem.
8 God sey,
"For judgement day, I go ponish Judah leaders,
all dia prince and all doz wey dey sin.
9 For dat day, I go ponish di pipol
wey dey serve juju
and wey turn dia oga house
to where dem dey kworel and play pipol wayo."
10 God sey,
"For dat day, pipol go kry dey kom from di Fish Gate
and dem go dey shaut from di new house
dem wey dey di town.
And una go hear strong nois from di hills.
11 All of una wey dey stay near di market,
make una kry with pain,
bikos I go distroy all doz wey dey sell and buy.
12 I go use lantan take find all Jerusalem korna
wey darkness pass,
so dat I go ponish doz wey love to sin.
Dem bilive sey God nor go fit do dem anytin;
weda good or bad.
13 So, pipol go tif and karry dia propaty
kon skata dia house.
Dem go build new house,
but dem nor go ever stay inside.
Dem go plant vineyard,
but dem nor go ever drink from di wine.
14 Di day wey God go make evribody fear, don near.
E go kom kwik-kwik and nobody go like am,
bikos for dat day, even strong men go kry.
15 Dat day, God go vex well-well and di wahala
and pain nor go eazy at-all.
Dat day go bi to skata and distroy;
day wen evriwhere go dark well-well.
Yes! Dat day go kom with tick kloud and darkness.
16 For dat day, trumpet go dey blow
and war go dey evriwhere.
Evriwhere for di town go dey shake;
even di walls wey strong well-well, go fall skata!
17 Bikos una don sin against God,
I go make una waka dey find road like blind man.
Dem go pour una blood for san-san
and una body go rotin for groun."
18 Una gold and silva nor go save una
wen God go show as E dey vex rish.
En jealousy bi like fire and di fire go distroy di world.
Yes, na God make evribody for di world dey fear.

# 2

### *Di Profet Warn Di Pipol*

1 Dis nashon wey nor get shame,
make una gada togeda.
2 Make una gada before judgement go start;
before una time to turn from sin
kom meet God go pass,
just like wen breeze blow leaf trowey.
Make una do di rite tin naw,
before God vexnashon go fall on-top una
and before en judgement go start.
3 Una wey dey honbol,
make una ask make God bless
and help una to follow en kommand.
Make una do wetin dey rite and live betta life.
May bi God go protet and save una
from en vexnashon, wen E won distroy di world.

### *God Go Judge Di Oda Nashons*

4 Dem go distroy Gaza and Ashkelon
kon skata Ashdod and Ekron town.
5 Curse dey Filistia pipol head
wey dey near di river and doz wey dey Kanaan land,
bikos dis judgement na against una two!
God go distroy all of una finish.
6 Filistia town go turn to wildaness
where animals dey stay and chop grass.
7 Doz wey remain for Judah go stay for der.
Dem go stay and dey chop
for di house wey Ashkelon pipol run leave.
Oga God go visit en pipol with kindness
and make dem prosper again.
8 I don hear as Moab pipol dey trobol my pipol
and di way Ammon pipol dey curse,
laf and attack dem for where dem dey stay.
9 Naw, God wey dey lead Heaven Sojas sey,
"As long as I dey alive, I go distroy Moab
and Ammon pipol finish,
just as I distroy Sodom and Gomorrah.
Na shuku-shuku go full dia land;
I go turn am to salt pit and skata am forever.
My pipol wey remain,
go take evritin wey remain for di land."
10 Na di reward for dia pride bi dat,
bikos dem don curse di pipol wey bi Oga God own.
11 God go make dem fear
as E dey distroy all di gods for di land.
12 God sey, "Ethiopia pipol,
I go kill all of una with my swod."
13 I go skata di land for nort with my hand
kon distroy Assyria land too.

I go turn Nineveh, di main town
to where dem dey trowey dirty put and e go bi desert.
14 Grass and wild animals go full di town.
Owls go dey play for der
and dem go dey shaut thru di windows.
Dirty go block all di road
wey dem dey pass enter di town
and all di fine-fine buildings, go fade finish.
15 Dis na di find town wey dem guide well-well before.
Di town bin dey boast sey,
"Na mi great pass! E nor get any town wey bi like mi!"
But naw, si as e don turn where dem dey trowey dirty put
and na wild animals dey stay der naw.
Evribody wey dey pass der,
dey laf and shake dia head bikos of am.

# 3

*Jerusalem Don Spoil*

1 Bad tins go happen to Jerusalem pipol,
bikos dem don spoil di town
kon turn am to where wayo full.
2 Nobody fit tell am anytin,
bikos e nor dey gri make dem korrect am.
E nor trust God at-all
and e nor dey listin to am.
3 En leaders bi like hongry lion
wey dey look for who dem go chop.
Dem dey hongry like wolf for desert
wey dey chop dia food finish for morning.
4 En profets sturbon and dem dey lie;
dey tok only wetin go give dem money.
En priests nor gri obey God kommand,
so dem don spoil and make di temple dirty
with di bad tins wey dem dey do.
5 But God still dey di town
and E nor dey do bad at-all.
E dey always judge matter well and E nor dey fail.
Yet wiked pipol nor dey shame at-all.
6 God distroy many nashons
kon skata di walls for dia town.
E skata dia street and nobody dey waka pass der again.
Dia town don skata and nobody dey stay inside again.
7 God sey, "I bin tink sey,
'Una go really respet mi!'
Naw, make una do wetin I tok!
If to sey una really gri do am,
dem nor for skata una house with all dis ponishment."
But na only to sin una dey tink about.
8 So God sey, "Una must get patient
as una dey wait for mi.
For di day wen I go attack

kon karry all una propaty, I don decide sey,
I go gada nashons and kingdoms togeda
kon pour my vexnashon on dem.
Bikos my vexnashon go full di whole world.
9 Make una know sey, for dat time,
I go make di nashons praiz mi well-well.
All of dem go dey pray with my name
kon woship mi with one spirit.
10 My pipol wey skata before,
go from di oda side for Ethiopia river kon sakrifice give mi.
11 For dat day, una nor go dey shame
bikos of all una sturbones against mi.
I go distroy doz wey dey boast among una
and una nor go ever dey sturbon for my holy hill again.
12 Pipol wey dey honbol and good,
na dem go stay with una and dem go dey save for God present.
13 Israel pipol wey remain, nor go dey sin again.
Dem nor go lie and to deceive pipol,
nor go dey dia mind again.
True-true, dem go dey chop and sleep well
and nor-tin go make dem fear again.
14 Una wey dey Zion, make una shaut!
Israel pipol, make una shaut too!
Jerusalem pipol, make una dey happy
and boast with all una heart!
15 God nor go judge una again;
E don drive una enemies from una.
Israel king, God dey with yu!
So una nor nid to fear again.
16 For dat day, dem go tell Jerusalem,
'Zion, make yu happy!
Make yu nor fear at-all!
17 Di Oga yor God dey with yu
and E dey always diliver yu.
E dey happy well-well bikos of yu.
En love nor go make yu fear again
and E go dey sing sweet songs bikos of yu.'
18 But doz wey dey kry bikos dem nor fit go di festival,
I don take dem komot from among una;
so dat dem nor go disgrace una again.
19 And for dat time, I go ponish doz
wey dey trit una anyhow.
I go save di pipol wey dey weak
and gada dem togeda.
I go remove dia disgrace
and dis go make di whole world dey respet dem!
20 For dat time, I go gada and bring una
kom back to una house.
Wen I dey give una evritin wey una don lost before,
I go make evribody for dis world respet and honor una."
Mi, Oga God, don tok.

# Haggai

## Introdushon

For 539 BC, King Cyprus for Persia take-ova Babilon and allow Jew pipol wey dey Babilon go back to Jerusalem, so dat dem go build dia temple again. Di first group wey go spend about two years to komplete and dedikate di temple foundashon. But some of di pipol wey dey di land dat time and wey get pipol for Persia, kon stop di work (siEzra 4:4–6:22). About sixteen year pass afta di work stop, King Darius kon dey rule for Persia. E kon make law sey make Jerusalem pipol go back to dia town go build di temple again. So, Profet Haggai kon tell di pipol to start to build di temple again. E tell Zerubabel wey bi di govnor and Joshua wey bi di high priest sey make dem lead di pipol as dem dey build. Na about four years e take dem to komplete di temple and dem kon start to woship God for der again.

Profet Haggai diliver four messages for di first four monts wen Darius start to rule. Di first message esplain why e bi sey any seed wey Israel pipol plant nor dey grow well or nor dey grow at-all. Dis na bikos dem nor gri build God temple wey skata for groun. Di sekond message na to enkourage doz wey dey vex sey di new temple nor fine rish di first one wey Solomon build. But God promise sey en glory for dis one, go betta pass di first one. Di third message na to tell di pipol sey from naw on, anytin wey dem plant, go prosper. Di final message na direct enkouragement to Zerubabel wey don kon dey rule Jerusalem afta dem build di temple. Di pipol kon kom back to dia land and God don dey bless dem well-well.

*Haggai Start To Ribuild Di Temple*

1 For di sekond year wen Darius bi king for Persia; for di first day for
di sixt mont, God tell Profet Haggai make e give dis message to Zerubabel,
Shealtiel pikin, wey bi govnor for Judah and to Joshua, Jehozadak pikin,
wey bi di High Priest.

2 Oga God wey dey lead Heaven Sojas tell Haggai sey, "Dis pipol dey sey
dis nor bi di rite time to build di temple again." 3 So God sey make Profet
Haggai go give di pipol dis message: 4 "My pipol, e good as una dey stay for
fine-fine house and my temple skata?" 5 Naw dis na wetin Oga God wey
get pawa dey tok: "Make una tink about wetin dey happen to una! 6 Una
plant many korn, but wetin una harvest, small. Una get food to chop, but
e nor dey beleful una. Una get wine to drink, but e nor dey rish una! Even
wen una wear many klot, e nor dey make una warm and pipol wey dey
work, dia salari nor dey rish dem spend.

7 "God wey get pawa sey, 'Make una tink about wetin dey happen to una
naw.' 8 So, make una go di mountins go kut wood kon ribuild di temple;
den I go dey happy and belle go sweet mi."

Dis na wetin Oga God tok.

9 "Una dey put mind sey una harvest go plenty, but na small una dey get.
Even wen una karry di small food wey una harvest rish house, I go blow
dem trowey. Na wetin make mi do like dat? Na bikos my temple skata
and all of una dey build fine-fine house for unasef. 10 Na dis tin make rain

nor fall for di eart, so anytin wey una plant, nor dey grow. 11 Yes, I don
sey rain nor go fall for una land, hills, farm, vineyard, olive trees and for
evritin wey di groun dey produce for una and una animals. I go skata
evritin wey una dey work hard to get."

12 So, Zerubabel wey bi Shealtiel pikin with Joshua, Jehozadak pikin wey
bi di High Priest and evribody wey kom back from Babilon kon obey Oga
God message wey E tell dem thru Profet Haggai and dem kon dey follow
and obey God word, well-well. 13 Den Haggai tell di pipol, "God sey: 'I
promise sey I go dey with una.' " 14 So Oga God kon help Zerubabel wey
bi govnor for Judah; Joshua wey bi di High Priest and all di pipol wey kom
back from Babilon, so dat dem go fit do di work. All of dem kon start to
build Oga God temple. Dem start di work 15 for di twenty fourt day for di
sixt mont for di sekond year wey Darius bi king for Persia.

# 2

### *Di Glory Dey Kom*

1 For di twenty first day for di sevent mont for dat same year, God kon
tok to Profet Haggai again. 2 E tell am make e go tell Zerubabel wey bi
Shealtiel pikin, wey bi govnor for Judah, Joshua wey bi di High Priest and
all di pipol sey, 3 "E get anybody among una wey fit remember di way di
temple fine rish before? But how una si am naw? Una fit kompare dis
temple with di first one? 4 But naw, Oga God sey: Zerubabel make yor
heart strong, Joshua, Jehozadak pikin wey bi High Priest, make yu don
fear too. All di pipol wey dey di land, make una mind strong. Make una
bigin work, bikos I dey with una. 5 My Spirit still dey with una, just as I
promise wen una dey kom out from Egypt, so make una nor fear. 6 Dis na
wetin Oga God for heaven dey tok: E nor go tey again before I go shake di
heavens and di eart, di sea and di dry land. 7 I go shake all di nashons and
dem go bring all dia propaty kom dis temple. I go kover dis place with my
glory."

Oga God don tok.

8 God sey, "Na mi get all di silva and gold wey dey di world. 9 Di glory
for dis new temple go big pass di old one and na for der I go for give my
pipol peace and make dem prosper."

Dis na wetin Oga God, wey dey mighty, tok.

### *God Blessings*

10 For di twenty fourt day for di ninet mont for di sekond year wey
Darius bi king, Oga God tok to Profet Haggai again. 11 E sey, "Make yu
go ask di priest wetin di law tok about dis tin: 12 'Like for ezample sey
pesin take holy meat wey dem don sakrifice kon hide am for en klot, den
e allow dat klot tosh bread or food wey dem kook or wine or olive oil or
any kind food, dat one go make di food dey holy?' " So wen Haggai ask
dem di kweshon. Di priests ansa, "No!" 13 Den Haggai ask again, "Wot of
pesin wey dirty bikos e tosh dead body; if e tosh any of dis food, dat mean
sey di food dem don dirty too?" Di priests ansa, "Yes!" 14 Den Haggai sey,
"God sey na di same tin go happen to di pipol for dis nashon and evritin
wey dem plant. So evritin wey dem offa for di altar, don dirty." 15 So God
sey, "Make una tink about wetin bin dey happen to una before una start

to ribuild di temple. But from naw go, evritin wey una dey do, go dey
okay. [16] Dat time, una go where dem pak korn full, dey tink sey una go si
twenty sak, but na only ten una si. Una go draw fifty gallon for wine, but
na only twenty una get. [17] Even wen I send hot breeze and big-big stones
kom skata evritin wey una plant, una nor still gri turn from sin kom meet
mi. [18] But from today wey bi di twenty fourt day for di ninet mont, make
una tink about how e bi before and naw wen una don build di temple
again. Make una always dey tink of am. [19] Una korn, grapevines, fig trees,
pomegranates and olive tree nor dey produce food since, but from naw
go, I go bless una."

### *Na Zerubabel God Choose*

[20] For dat same day wey bi di twenty fourt day for di mont, God give
Haggai anoda message [21] make e go tell Zerubabel wey bi govnor for Judah:
"I go soon shake heaven and eart [22] kon ova-trow and take kingdoms pawa
from dem. I go distroy shariot and di pipol wey dey drive dem; di horse
go die and di pipol wey dey drive dem, go kill each oda. [23] For dat day, I
go take yu, Zerubabel, Shealtiel pikin wey bi my savant kon make yu rule
with my name, bikos na mi choose yu."

God wey get pawa don tok.

# Zekaraya

## Introdushon

Profet Zekaraya give dis message to Judah pipol wey kom back from Babilon, for di sekond year wen Darius don dey rule as king for Persia (520 BC). Di book get two main parts. Di first part get two profesy and na cymbal Zekaraya take esplain am. For di sekond part, na song e take tok to di leaders for di town.

Afta Zekaraya tell evribody make dem turn from sin kom meet God, e kon use eight vishons to enkourage di pipol as dem dey build di temple. Di first and di last vishons diskribe four shariots wey horse wey get difren kolours (red, black, white and spots) dey pul kom di eart. Di sekond and third vishon show sey e nor matter how oda nashons strong rish, dem nor go fit treaten di kountry again. Di sixt and sevent vishon tok about how God go forgive di pipol dia sin. Two vishons show how God establish Joshua as high priest and Zerubabel as govnor.

Di oda profesy for dis book get six parts. Since dem distroy di temple and karry Israel pipol go Babilon, don fix one partikular time for evry year wen dem dey fast. Di message here na to tell di pipol make dem dey do di rite tins as dem dey fast and make dem fokus on di temple wey dem ribuild. Den Zekaraya kon tell dem sey dia fasting go end up with celebrashon.

Di last part for di book tell dem sey, afta di pipol don sofa under bad leaders, God go send one betta leader kom from David family. God go win all en enemies and E go bi king ova di whole world.

### *God Koll En Pipol*

1 For di eight mont for di sekond year wey Darius dey rule for Persia,
God give dis message to Profet Zekaraya, Berekaya pikin wey Iddo bi en
grand-papa. 2 Mi wey bi God, bin dey vex well-well for una grand-grand
papa dem, 3 so make yu tell di pipol sey, “Dis na wetin God wey dey lead
heaven sojas tok: ‘Make una turn kom meet mi and I go kom meet una
too, dis na wetin Oga God wey dey rule ova evritin, tok.’ 4 Make una nor bi
like una grand-grand papa dem. Before-before, my profets prish give dem
sey, make dem stop to sin and do evil, but dem nor gri listin or obey dem.
5 Where una grand-grand papa dem naw? Dem with di profets don die
since. 6 But evritin wey I tok thru my profets, happen to una grand-grand
papa dem, just as I tok am. So dem turn from sin kom meet mi kon sey,
‘Oga God wey dey lead heaven sojas, na en really ponish us, just as wi
deserve am. E don do wetin E sey E go do.’ ”

### *Horse Vishon*

7 For di sekond year wey Darius dey rule, for di twenty fourt day, for di
elevent mont wey bi Shebat, God give dis message to Zekaraya, Berekaya
pikin wey Iddo bi en grand-papa.

8 For inside vishon dat nite, I si one man dey ride one red horse, den e
stop for one valley wey trees full and I kon si anoda red, brown and white
horse wey get black spot for body, dey follow am for back.

9 Den I ask, "Oga God, wetin all dis horse mean?" E ansa, "I go show
yu wetin dem mean." 10 Den di man wey stand near di myrtle tree kon
sey, "Na God send dem make dem go look how di eart bi." 11 So dem
go back kon tell di angel, "Wi don go round di eart kon si sey peace dey
evriwhere." 12 Den di angel pray to God, "Oga God wey dey mighty, Yu don
dey vex for Jerusalem and Judah town for seventy years naw. How long
e go take before Yu go sorry for dem?" 13 So God ansa di angel wey dey
tok to mi with words wey dey make belle sweet pesin. 14 So di angel kon
tell mi, "Make yu go tell evribody wetin God tok, 'I love and dey koncern
about Jerusalem and Zion wey bi my holy town, 15 but I dey vex for di
nashons wey feel sey dem dey save. Bikos as I dey try make I nor vex for
my pipol, doz nashons dey make my pipol sofa more-more.
16 " 'So I don kom back to Jerusalem town kon show dem mesi. Dem go
build my temple and di town again.' " 17 Di angel still sey: "God go help
Jerusalem and make di town prosper again and di town go bi en own."

### *Di Horn Vishon*

18 Den wen I look up again, I kon si four horns. 19 I ask di angel wey dey
tok to mi, "Wetin dis horn dem mean?" E ansa, "Dem stand for di wiked
pawas for di world wey skata Judah, Israel and Jerusalem pipol." 20 Den
God kon show mi four men wey bi karpenter. 21 I kon ask, "Wetin dis men
dey kom do?" E ansa, "Dem dey kom treaten Judah enemies and skata di
horns wey won distroy Judah pipol."

## 2

### *Di Man Wey Measure Jerusalem*

1 Den I look again kon si one man whole ruler wey dem take dey
measure. 2 So I ask am, "Where yu dey go?" E ansa, "I dey go measure
Jerusalem, make I for know as e wide and long rish." 3 Den di angel wey
dey tok to mi kon waka go front and anoda angel kom meet am. 4 Di first
angel kon tell di sekond one, "Make yu run go tell di man wey whole di
ruler sey, 'Very soon, pipol and animals go plenty for Jerusalem, sotey di
town nor go fit kontain dem again.' 5 God don promise sey na en go bi di
fire wey surround di town like wall kon protet en pipol and E go stay der
with all en glory."
6 God tell en pipol, "Pipol wey dey nort, make una run, bikos I don skata
una go evriwhere. 7 Zion pipol, make una eskape and run komot Babilon!
8 Bikos Oga God wey dey rule ova evritin tell mi sey, na bikos of en own
glory E send mi go di nashons wey bin distroy una, bikos anybody wey
tosh una, don tosh di pipol wey E love well-well." 9 God sey, "I go ponish
dem well-well and na dia own slave go distroy and pak dia propaty." Den
una go know sey na Oga God wey dey rule ova evritin send mi kom.
10 So Zion pipol, make una shaut and happy as una dey sing, bikos I dey
kom meet and stay with una.
Dis na wetin Oga God tok.
11 For dat time, many nashons go kom meet God and dem go bi en pipol.
God go stay with una, den una go know sey na God send mi kom. 12 Judah
go bi God special propaty for en holy land again, den Jerusalem go bi di
town wey God choose. 13 So, make evribody kwayet for God present, bikos
E dey kom from en holy place.

# 3

*Joshua Di High Priest*

1 For anoda vishon; I si Joshua wey bi di High Priest stand for God angel
front; Satan too stand for Joshua rite hand side and e dey akuiz am. 2 So
Oga God tell Satan, “Satan! Mi wey bi God rijet all wetin yu tok. Yes! God
wey love Jerusalem go kondemn yu. Dis man nor bi like stik wey dem take
komot from fire?” 3 Joshua still stand near di angel with di dirty klot wey
e wear. 4 Den di angel tell doz wey stand near am, “Make una pul di dirty
klot wey dis man wear so, komot from en body.” Den e tell Joshua, “I don
forgive yu all yor sins and naw, I go give yu new klot make yu wear.” 5 Den
I sey make dem wear klean crown for Joshua head. Dem do as I tok kon
wear new klot for am too and God angel stand near us. 6 Den God angel
enkourage and tell Joshua, 7 “God wey dey mighty sey, ‘If yu obey my laws
kon keep my kommands, na yu go bi oga for my temple and for my kourt
and I go add yu join all dis angels wey dey my side naw.’ 8 Joshua di High
Priest and all di priests, make una listin to mi, na una bi my sign about
wetin go happen; bikos I go soon bring my savant, wey bi di Branch!” 9 “Si,
I dey put one stone wey get seven eye for Joshua front. I go rite put kon
remove all di sin wey dis land don kommit. 10 And for dat day, una go
invite una neighbours make dem kom sidan with una under una vine and
fig tree, bikos una go get peace.”

Dis na wetin Oga God tok.

# 4

*Di Gold Lampstand And Two Olive Tree*

1 Den di angel wey bin dey tok to mi kom back kon wake mi just as dem
dey wake pesin wey dey sleep. 2 E ask mi, “Wetin yu si naw?” I ansa,
“Na one lampstand wey dem make with gold, wey get bowl where dem
dey pour oil put. Seven lamps dey on-top di lampstand and each one get
seven whole for di wick. 3 Two olive tree dey near di lampstand too; one
for each side.” 4 Den I ask di angel wey tok to mi, “My oga, wetin dis tins
mean?” 5 E ansa, “So yu nor know wetin all dis tins mean?” I ansa, “No
o-o, my oga! I nor know.” 6 Den e tell mi, “Dis na wetin Oga God dey tell
Zerubabel: ‘Nor bi with force or human being bin pawa, but na with my
Spirit.’

7 “Even di strongest mountin nor go fit stand fight Zerubabel, bikos di
mountin go turn ordinary groun for en front! And wen Zerubabel don
put di final stone for where e suppose dey for di temple, di pipol go shaut,
‘Make God bless am! Make God bless di temple well-well!’ ” 8 Den God
tell mi anoda message: 9 “Na Zerubabel start di temple foundashon and
na-im go komplete am. Dat time, una go know sey na Oga God send mi
kom. 10 Make una nor laf as una take start small, bikos God dey happy sey
di work don start and E dey happy to si di ruler for Zerubabel hand.” (Di
seven lamps na God eyes wey dey look di whole world.)

11 Den I ask di angel, “Na wetin bi dis two olive tree wey dey each side
for di lampstand 12 and di two olive branches wey dey pour gold oil kom
out from di two gold pipe?” 13 Di angel ansa, “So yu nor know wetin dem
mean?” I ansa, “No o-o, my oga! I nor know.” 14 Den e tell mi, “Na dem

bi di two pesin wey dem anoint for heaven to serve Oga wey bi God for di
whole eart."

# 5

*Di Book Wey Dey Fly*

1 I look up again and I kon si one book dey fly for di sky. 2 Den di angel
ask mi, "Wetin yu dey si?" I ansa, "Na book wey dey fly and e long rish
thirty fit kon wide rish fifteen fit." 3 Den di angel tell mi, "Dem rite all di
curse wey dey di land inside di book. For one side for di book, dem rite
put sey, 'Anybody wey dey tif, dem go drive am komot di land,' and for di
oda side, wetin dem rite put na, 'Anybody wey dey lie, dem go drive am
komot di land too.' " 4 Oga God sey, "Doz wey dey tif and lie, I go send
dis curse go meet dem for dia house and di curse go stay and distroy dem
finish."

*Di Woman Wey Dey Inside Basket*

5 Leta, di angel kon tell mi again, "Make yu look! Anoda tin dey kom!"
6 So I ask, "Wetin bi dat?" E ansa, "Na basket and na di whole land sin
full inside." 7 Den dem open di heavy kover wey dem take kover di basket
and as I look am, na one woman sidan for inside! 8 Den di angel sey, "Dis
woman name na, 'Wikedness.' " So e push di woman enter di basket back
kon kover am. 9 I look up again kon si two wimen dey fly kom meet us
and dem get strong feada like bird own. Dem pick di basket kon fly go
with am. 10 So I ask di angel, "Di basket and di woman wey dey inside, na
where dem dey karry dem go?" 11 Di angel ansa, "Na Babilon and dem go
build temple for am for der. Wen dem don build di temple finish, dem go
put di basket for der."

# 6

*Four War Horse*

1 I look up again and dis time, I si four shariot dey kom out from di
centre for two bronze mountin. 2 Na red horses dey drag di first shariot,
while black horses dey drag di sekond shariot. 3 Na white horses dey drag
di third one and na horses wey get spots for body dey drag di fourt one.
4 Den I ask di angel wey dey tok to mi, "My oga! Na wetin dis shariot dem
mean?" 5 E ansa, "Dis na di four spirit for heaven wey dey stand for God
wey kreate di world front." Dem dey go do en work. 6 Di shariot wey di
black horse dey drag, dey go nort; di white horse dey go west and di horse
wey get spots dey go di kountries for sout. 7 As di strong horse dem kom
out, dem rush dey go patrol di eart. Di angel kon tell dem, "Make una go
patrol di eart well-well!" So dem kon go. 8 Den Oga God koll and tell mi,
"Si, di shariot wey go di nort side don make mi stop to vex for di pipol for
di land."

*Dem Crown Joshua*

9 God give mi dis message: 10 "Make yu take Heldai, Tobaya and Jedaya
wey kom back from Babilon with di oda pipol, den go meet Josaya wey
bi Zefanaya pikin for en house. 11 Yu go use di silva and gold wey dem
bring as gift take make crown, den crown Joshua, Jehozadak pikin, wey bi
di High Priest. 12 Make yu tell am, 'God wey get pawa sey, "Dis na di man

wey dem dey koll di Branch, e go prosper kon build God temple again.
13 Naim go build di temple kon take di praiz wey suppose bi di king own
and e go rule en pipol. One priest go stand near en throne and dem go
work togeda with peace and undastandin. 14 Na di crown dem go take
honor and remember Heldai, Tobijah, Jedaya and Josaya for God temple.
15 Pipol from far go kom join build God temple again. And wen dem don
build am finish, yu go know sey na God wey dey mighty send mi kom meet
yu. All dis tins go happen if yu use yor whole heart take obey all wetin di
Oga yor God kommand yu." ' "

# 7

*Wayo Fasting*

1 For year afta Darius don bi king, for di fourt day for di ninet mont wey
dem dey koll Kislev, God kon give mi dis message. 2 For dis time, Bethel
pipol don send Shareza, Regemelek and dia men go pray to God make E for
bless dem. 3 Den make dem still ask di priests and profets dis kweshon:
"Make wi kontinue to mourn and fast for di fift mont just as wi dey do
since?" 4 So Oga God wey dey lead heaven sojas kon tell mi: 5 "Make yu
ansa di pipol and di priests, 'Since una dey fast for di fift and sevent mont
for seventy years naw, una really dey do am bikos of mi? 6 And naw wey
una dey chop and drink, nor bi for una own body? 7 Dis nor bi di same
message wey God tell una thru en profets before-before wen Jerusalem
and Judah town dey stay for peace and wen Negev and Judah pipol still
plenty?' "

8 So God kon give dis message to Zekaraya: 9 "Oga God wey dey rule
evritin sey, 'Make una dey judge well, show kindness and sorry for odas.
10 Make una nor opress wimen wey dia husband don die; shidren wey nor
get papa and mama; strenjas wey dey una town; doz wey nid una help
and make una nor plan bad against each oda.'

11 "But dem nor gri listin, instead dem klose dia ear make dem for nor
hear anytin. 12 Dia heart strong like rock and dem nor gri obey my profets
wey dey among dem. So I vex kon ponish dem well-well.

13 "Bikos dem nor gri listin wen I tok to dem, na so too I nor go listin
anytime wey dem pray to mi. 14 Instead, I go skata and karry dem go difren
kountry like sey na heavy breeze blow dem. Den dis betta land go turn
where pipol nor dey stay again and where dem dey trowey dirty put."

# 8

*Betta Fasting*

1 Den Oga God wey dey lead heaven sojas give Zekaraya dis message:
2 "Dis na wetin God wey dey lead heaven soja tok: 'I dey always like to
bless Zion, bikos of di strong love wey I get for en pipol and na dis love
dey make mi vex for dia enemies.' "

3 And naw, Oga God sey, "I dey go back to Jerusalem kon stay for Zion wey
bi my holy town. Den pipol go koll Jerusalem 'Di town wey dey faithful'
and dem go koll Oga God mountin, 'Di holy mountin.' "

4 Oga God wey get pawa sey, "Old men and wimen wey dey Jerusalem,
go waka round di town with dia walkin stik and dem go sidan for di town
centre again. 5 Boys and girls go full di strits kon dey play again."

6 God wey dey lead heaven sojas sey, “My pipol wey remain fit tink sey
all dis tins nor dey possibol, but with mi wey bi Oga God wey get pawa
well-well, evritin dey possibol.”
7 God wey dey lead heaven sojas sey, “My pipol, make una dey sure sey
I go save una from di land wey dey east and west. 8 I go bring una kom
back to una house and una go get peace for Jerusalem. Una go bi my pipol
and I go bi una God wey go rule and judge una well.”
9 God wey dey lead heaven sojas sey, “Make una dey strong kon finish
di work! Na since dem start to build God Temple, una don hear wetin di
profets dey tok about how di temple work go take komplete. 10 Before dat
time, nobody get money to hire men or animals and nobody dey save from
en enemies, bikos na mi God turn pipol against each oda.”
11 But naw, God wey dey lead heaven sojas sey, “As for my pipol wey
remain, I go dey trit dem well. 12 Nobody go wahala dem wen dem dey
plant dia seed. Dia vine go get many fruits; di groun go produce food and
rain go always dey fall for dem. I go give all dis blessings to my pipol wey
remain. 13 Judah and Israel pipol! Before-before, strenjas dey curse diasef
sey, ‘Make di kind wahala wey fall press Judah and Israel pipol, fall press
yu!’ But I go save una and doz strenjas go still tell each oda sey, ‘Make yu
receive di same blessing wey Judah and Israel pipol get!’ So make una get
hope and nor fear.”
14 Oga God sey, “I plan to distroy una grand-grand papa dem wen dem
make mi vex and I do just as I plan. 15 But naw, I dey plan to bless Judah
and Jerusalem pipol. So make una nor fear. 16 But dis na wetin una go do:
‘Make una always dey tell each oda di trut. Make una judge well, di kind
judgement wey dey bring peace. 17 Make una nor plan bad against each
oda or swear as una dey tok wetin una eye nor si. I hate lie, opreshon and
doz wey dey kause wahala.’ ”
18 Oga God tell Zekaraya sey, 19 “Di fasting wey Judah pipol dey do for
di fourt, fift, sevent and tent mont, go kon bi festival for joy and for betta
tins. Una must love trut and peace.”
20 Oga God wey dey rule ova evritin sey, “Di time dey kom wen pipol
from difren kountries go kom Jerusalem. 21 Pipol from one kountry go tell
doz from anoda kountry sey, ‘Wi dey go woship Oga God wey get pawa
kon pray make E bless us. So make una kom follow us go!’ 22 Many pipol
and strong nashons go kom Jerusalem kon woship and pray to God wey
get pawa, so dat E go bless dem.”
23 God wey dey lead heaven sojas sey, “For dat time, ten strenjas go kom
meet one Jew pesin sey, ‘Wi won share from yor blessings, bikos wi hear
sey God dey with yu.’ ”

# 9

### *Di King Dey Kom*

1 Na Oga God give mi dis message against Hadrak and Damaskus town.
Evribody dey look up to God make E bless dem, especially Israel pipol.
2 God go judge di pipol wey dey Hamat with Damaskus, Tyre and Sidon
pipol wey share boundary with dem, bikos dem tink sey dem wise well-
well. 3 Tyre pipol build strong house for demsef kon gada many gold and
silva like sey na san-san! 4 But God go take evritin wey dem get from dem.
E go trow all dia propaty for sea and dem go burn di town rish groun.

5 Ashkelon pipol go si all dis tins and fear go katch dem. Wen Gaza pipol
go si dis tins, dem go bigin shake. Even Ekron pipol nor go get hope again.
Dem go kill Gaza king kon distroy and skata Ashkelon town. 6 Na strenjas
go stay for Ashdod town and I go really distroy Filistia pipol, bikos dem
too dey karry body up. 7 "Dem nor go chop meat wey nor get blood again
or food wey my pipol dey forbid. All di pipol wey survive, go bi my pipol
too and dem go bi one family for Judah. Ekron pipol go bi my own too,
just like Jebus pipol. 8 Den I go surround and guide my temple both for
back and front. I nor go allow wiked rulers opress my pipol again, bikos
naw, I don si how my pipol sofa rish."

### *God Save En Pipol*

9 Zion pipol! Make una happy well-well!
Jerusalem pipol! Make una shaut with joy!
Make una look, una king dey kom meet una!
E dey raitious and naim get viktory.
E dey honbol and kwayet
as E sidan on-top donkey dey kom.
10 God sey,
"I go remove di shariot from Israel,
den take di horse dem komot from Jerusalem
and distroy evritin wey dem take dey fight war.
Una king go make peace with oda nashons.
E go rule from one sea to di oda:
Even from Eufrates River go rish
where di eart for end."
11 God sey, "Bikos of di sakrifice and blood kovenant wey I make with
una, I go free una pipol from slave work. 12 Israel pipol wey bi prisonas,
make una kom back, bikos una don get hope. Make una kom back to di
place where una go for dey save. I dey tell una naw sey, 'I go give una
doubol blessing, bikos of how una don sofa.' 13 I go use Judah pipol take
do bow and Israel pipol go bi my arrow. Zion men go bi my swod wey I
go take distroy Greece pipol."
14 God go appear on-top en pipol; E go shot en arrow like tonda lite.
God wey get pawa go blow di trumpet; E go mash kom from sout under
one heavy rain. 15 Oga God wey get pawa go protet en pipol and dem go
distroy dia enemies. Dem go dey shaut for war like who drink dey katch
and dem go kill dia enemies finish. Dia enemies blood go plenty well-well
like sakrifice blood wey dem pour put for di altar. 16 Wen dat day rish, just
as shepad dey save en animals from danger, na so too Oga God go save
en pipol. Dem go shine for en land like crown wey dem make with gold.
17 Dem go dey good and fine well-well! Di korn and wine wey di yong
pipol go dey chop and drink, go make dem grow and dey strong.

# 10

### *God Promise*

1 Make una ask God for rain wen rainin sizin rish, bikos na God dey
give rain wey dey make evritin wey pipol plant, grow. 2 Pipol dey go meet
juju priest and doz wey dey si tumoro, but dem just dey lie and deceive
dem. Some dey tok wetin dreams mean, but dem dey only deceive una
and na only yuzles hope dem dey give. So many pipol dey waka anyhow

like sheep wey waka lost. Dem dey trobol, bikos dem nor get who dey lead
dem. 3 God sey, "Bikos I dey vex for doz strenjas wey dey rule my pipol,
I go ponish dem well-well. Judah pipol na my own and mi wey bi di God
wey dey mighty go kare for dem. Dem go bi my strong shariot. 4 Rulers,
leaders and kommanders go kom from Judah and some go rule my pipol.
5 Judah pipol go win and mash dia enemies for portor-portor. Wen dem
go fight, dem go win dia enemies, bikos mi God dey with dem.
6 "I go make Judah pipol strong and I go save Israel pipol. I go sorry
for dem kon bring dem back to dia land. Dem go bi like pipol wey I neva
rijet before. Na mi bi Oga dia God and I go ansa all dia prayers. 7 Israel
pipol go bi like strong sojas and dem go happy like pipol wey drink wine.
Dia shidren go remember as dem take win kon happy, bikos of wetin God
don do. 8 I go koll and gada my pipol togeda. I go save dem and dem go
many pass as dem bi before. 9 Even doh I skata dem go oda nashons, dem
go remember mi for anywhere wey dem dey. Dem with dia shidren wey
survive, go kom back to Israel land. 10 I go bring dem kom back from Egypt
and Assyria kon make dem stay dia own kountry again. I go still make dem
stay for Gilead and Lebanon and dia pipol go full di whole land. 11 Dem go
cross rof river and I go stop di wave and Nile River go dry finish. Assyria
wey bin dey karry body up, go honbol demsef and Egypt wey dey strong,
nor go get pawa again. 12 I go make my pipol strong and dem go woship
and obey mi."

Mi, Oga God, don tok.

# 11

*Judah Wiked Kings*

1 Lebanon, make yu open yor gate,
so dat fire go burn yor cedar tree rish groun!
2 Cypress, make yu kry take body nak groun,
bikos di cedar trees don die
and doz fine-fine trees don dey yuzles!
Bashan oak trees, make una kry take body nak groun,
bikos dem don kut una for groun!
3 Make una si as doz wey dey lead di pipol dey kry,
bikos dia glory don vanish!
Make una listin as lions dey shaut,
bikos dem don distroy di bush where dem dey stay,
near Jordan River!

4 Di Oga my God tell mi, "Make yu bihave like shepad wey dem won go
kill all en sheep. 5 Wen who get sheep kill en sheep, anybody go ponish
am? E go sell di meat finish kon sey, 'Make wi praiz God wey don give us
plenty money!' So who even get sheep, nor dey sorry for dem."

6 So God sey, "I nor go sorry for anybody for dis land again. Na mi mysef
go put all di pipol under dia ruler pawa. Di ruler go distroy di eart and I
nor go save pipol from en pawa."

7 Na pipol wey dey buy and sell di sheep, hire mi and I kon turn shepad
wey dem won go kill en sheep. I take two stik kon koll one, "Favor" and
di oda one na, "Unity." So I kon dey kare for di sheep dem. 8 Na one mont
I take kill di three oda shepad wey hate mi, bikos I nor like dem too. 9 Den
I tell di sheep sey, "I nor go bi una shepad again. So doz wey won die,

make dem die and doz wey dem go distroy, make dem distroy dem. Doz
wey remain, go distroy each oda."
10 So I take di stik wey dem dey koll "Favor" kon break am take kansol
di kovenant wey God make with di pipol. 11 I kansol di kovenant dat same
day. Di pipol wey dey buy and sell di sheep dey look mi and dem know
sey God gri with evritin wey I dey do.
12 So I tell dem, "If una wont, make una give mi my money, but una fit
keep di money if una like am like dat." So dem pay mi thirty silva. 13 God
kon tell mi, "Make yu put dem for di temple pus." So I take di thirty silva,
di money wey dem feel sey dem fit take buy mi kon put am for di temple
pus. 14 I break di sekond stik wey bi "Unity" and di unity wey dey among
Judah and Israel pipol kon skata.
15 Den God tell mi, "Make yu bihave like sey yu bi shepad again. Dis
time, yu go bihave like yuzles profet. 16 Even doh I put shepad make e
kare for my sheep, e nor go fit do anytin wen odas dey treaten to distroy
di sheep. E nor kare about di ones wey lost or wound or to even feed di
odas. Instead, e dey kill di betta ones chop kon trowey di rest part for
bush.
17 "Doz wiked shepad go die finish!
Dem don leave dia sheep.
Dem nor go get pawa again;
dem nor go fit karry dia hand take fight
and dia eyes go blind."

# 12

*Judah Turn Kom Meet God*

1 Dis na God message about Israel. Na God kreate di sky and di eart kon
give life to man. God sey, 2 "I go make Jerusalem bi like cup wey wine
full and all di kountries near am go drink from am kon dey stagga like
drunkard man. And wen dem won attack Jerusalem, dem go attack all di
town for Judah too. 3 But wen dat time rish, I go make Jerusalem bi like
rock wey nobody fit move and all di nashons go gada togeda kon try to
move am, but dem go just dey wound diasef."
4 Oga God sey, "For dat time, I go make all di horse dey fear and di
pipol wey dey ride dem nor go know wetin dem dey do. I go guide Judah
pipol kon blind dia enemies horse eye. 5 Den Judah leaders go tell demsef,
'Jerusalem pipol dey strong well-well bikos na di Oga wey get pawa bi dia
God.' 6 For dat day, I go make Judah leaders bi like fire wey dey burn forest
and farm wey ripe korn full. Dem go distroy all di nashons wey surround
dem, den Jerusalem pipol go dey save. 7 Mi wey bi God go first save Judah,
so dat David shidren-shidren and Jerusalem pipol honor, nor go big pass
Judah pipol own. 8 For dat time, God go protet doz wey dey stay Jerusalem
and even doz wey weak pass among dem, go dey strong, just as David, dia
grand-grand papa bi. David shidren-shidren go lead dem like God angel
and dem go bi like God. 9 For dat time, I go distroy all di nashons wey try
to attack Jerusalem.
10 "Den I go pour my spirit to pray and to show mesi for David shidren-
shidren body and di oda pipol for Jerusalem. Dem go dey look mi, di pesin
wey dem shuk, den dem go mourn like pesin wey dey mourn en only pikin.
Dem go kry well-well like sey na dia first boy pikin die. 11 For dat time, di

kry for Jerusalem go heavy pass Hadad-Rimmon wey dey near Megiddo
own. 12 Di land go mourn. Each family go mourn by demsef. Di family
wey kom from David tribe, Natan tribe, 13 Levi tribe; Shimei tribe and all
di oda family, go kry well-well. 14 Each family go mourn well-well. Men
go dey kry dia own, while dia wife sef, go dey kry dia own too."

# 13

*God Go Klean Judah*

1 God sey, "For dat day, I go open one place where wota go for rush kom
wosh David shidren-shidren and Jerusalem pipol from all dia sins and all
di bad-bad tins wey dem dey do. 2 For dat day, I go remove all di juju name
from di land and nobody go remember dem again. I go kill anybody wey
klaim sey en na profet, den pipol mind nor go dey to go woship or serve
juju again. 3 But if anybody still get di mind to lie sey e dey profesai, na
en own papa and mama go tell am sey, 'Na deat go bi yor own, bikos yu
dey lie with God name.' Den if e still profesai, en papa and mama go shuk
am die with swod.

4 "For dat day, no profet go fit karry body up, bikos of en vishon.
Nobody go sey en na profet or wear profet garment kon dey deceive pipol.
5 Instead, e go sey, 'I nor bi profet. Na farmer work I dey do since my
mama born mi.' 6 Den if pesin ask am, 'So na who wound yu for yor
chest?' E go ansa, 'Na my friend house I for wound.' "

*Di Sheep Dem Skata*

7 God wey dey mighty sey,
"Swod! Make yu go attack and kill
di shepad wey dey work for mi,
den all di sheep go skata.
I go attack my pipol
8 and if dem divide all di pipol
wey dey di land into three,
two part go die finish.
9 I go test di third part wey survive kon klean dem,
just as dem dey klean silva for fire.
I go test dem, just as dem dey test gold.
Den dem go pray give mi and I go ansa dem.
I go tell dem sey dem bi my pipol
and dem go sey,
'Na di Oga bi awa God.' "

# 14

*God Greatness*

1 Di day wen God go judge en pipol don near. Den, dem go tif all di
propaty wey dey Jerusalem kon divide di tins wey dem tif for una present.
2 God go gada all di nashons go fight Jerusalem. Dem go attack di town,
tif evritin from all di house, den rape di wimen. Dem go karry some of di
pipol go anoda land as slave, but dem nor go take evribody komot from di
town.

3 Den God go-go fight against doz nashons, just as E fight before. 4 For dat
time, E go stand on-top Mount Olives kon face di east side for Jerusalem.

Den Mount Olives go divide into two from east go west. Half part for di
mountin go-go nort and di remainin part go-go sout. [5] Una go from dis
valley go di mountin kon eskape go di oda side. Una go run, just as una
grand-grand papa dem do wen groun open for di time wen Uzzaya bi king
for Judah. Den all di angels go follow Oga God wen E dey kom. [6] For dat
day, lite nor go shine again; di place wey dey bring lite from heaven, go
stop. [7] But e go happen for one special day and na only Oga God know
di day. Normal day and nite go dey and even wen evening rish, lite go
still dey shine like day time. [8] For dat day, na only fresh wota go dey rush
kom out from Jerusalem. Half go-go di Dead Sea and di oda half go-go
Mediterranean Sea. E go dey rush both for dry and rainin sizin.

[9] Den God go bi king for all di eart; evribody go woship and know am
as God. [10] All di land from Gibeah aria go rish Rimmon wey dey di sout,
go klean like Arabah. But Jerusalem go high pass oda land wey dey round
am; di town go start from Benjamin Gate go rish di Korna Gate kon from
Hananel Towa go di Royal Wine press. [11] Di pipol go stay and dey save for
der and bad tin nor go happen to dem again.

[12] God go bring wiked diziz kom all di nashons wey fight against
Jerusalem. Dia flesh go dey rotin even wen dem still dey alive; even dia
eyes and tongue go rotin too. [13] For dat day, God go konfuse dem well-
well and fear go katch dem, sotey dem go bigin seize and attack demsef.
[14] Judah men sef go dey fight and defend Jerusalem. Dem go take all di
oda nashons propaty plus dia gold, silva and all dia many klot. [15] Wiked
diziz go katch all di horse, melu, kamel, donkey and di oda animals wey
dey di enemies kamp.

[16] Den all di pipol wey survive for di nashons wey attack Jerusalem go
dey go der evry year go woship Oga God wey dey mighty and wey bi king
and dem go still join celebrate Shelta Feast. [17] If any nashon nor gri go
woship Oga God wey bi King, wey dey lead heaven sojas, rain nor go fall
for dia land. [18] If Egypt pipol nor gri celebrate Shelta Feast, di same diziz
wey God send go all di nashons wey nor gri celebrate di feast, go katch
dem too. [19] If Egypt pipol and all di oda nashons nor gri celebrate di Shelta
Feast, all dis ponishment go follow dem.

[20] For dat day, dem go rite sey, "Na Oga God Dey holy." Di pot wey dey
God temple go dey holy, just as di basin wey dey di altar front. [21] Di pots
wey dem take dey kook for Jerusalem and Judah go dey holy before di Oga
awa God wey get pawa, so dat doz wey dey kom offa sakrifice, go use dem
take kook dia sakrifice. For dat day, di pipol from Kanaan wey dey sell
inside Oga God Temple, nor go ever dey for awa God house again.

# Malakai
## Introdushon

Haggai and Zekaraya profesy enkourage Zerubabel di govnor and Joshua di high priest, afta Israel pipol return to Jerusalem from esile. Dem komplete di new temple in 516 BC. Dis temple show sey di pipol won live in peace and woship God with all dia heart. Di main message for di book bi sey, if Israel pipol fulfil God will, dem go bi lite for di whole world.

But as years dey pass, di pipol nor kon dey do wetin dem suppose do. For more dan fifty years, koroupshon and wikedness kon full di land. Malakai (wey mean “my messenja”) kon tell Israel pipol make dem honor God as dem dey woship and tok with one anoda. Dis attitude go make di world know sey na God bi dia great King. Malakai esplain en message well, so di pipol kon turn from dia sin and kom to God. Di book end with God promise, wen E sey E go send anoda profet like Elijah kom, before dat great day wey E go judge dis eart.

*God Love Israel*

1 Dis na di message wey God give Malakai about Israel pipol.
2 God sey, “I don show how I love una.” But una dey ask, “How Yu take show us love?”
God kon ansa dem, “Esau and Jakob na brodas, but I choose una grand-papa, Jakob 3 kon rijet Esau, en broda. I distroy Esau hill kountry kon turn dia land to where dem dey trowey dirty put and naw, na wild animals dey stay der.”
4 Esau shidren-shidren wey bi Edom fit sey, “Even doh awa towns don skata finish, wi go build dem again.” But God wey dey lead heaven sojas ansa, “Make una go ribuild dem, but I go still skata dem and pipol go koll una kountry, ‘Di Land wey Wikedness Full’ and dem go koll una pipol, ‘Di pipol wey Oga God go always dey vex with.’ ” 5 Wen una si all dis tins dey happen, una go sey, “God pawa big well-well both for Israel land and for evriwhere for di world!”
6 Oga God ask di priests, “Pikin dey honor en papa and savant dey respet en masta, but wetin make una nor dey honor mi wey bi una papa? If I bi una masta, why una nor dey respet mi? Una nor dey respet mi, yet una dey ask, ‘How wi nor take dey respet Yu?’ 7 Dis na how una nor take dey respet mi: una dey offa yuzles food for my altar, yet una still dey ask, ‘How wi nor take dey honor yor name?’ I go tell una. Una sakrifice show sey una nor dey respet my altar at-all. 8 Una tink sey e nor dey bad to offa animal wey blind and dey sick as sakrifice to mi? Make una try give dat kind animal to una govnor, weda e go happy or give una anytin wey una ask from am. 9 So, make una beg God, so dat E go favor una. But with dis kind sakrifice wey una dey bring, how E won take ansa una prayers?”
10 God sey, “I wish sey one of una go klose di temple door, so dat una nor go dey burn yuzles fire for my altar. I nor dey happy with una and I nor go asept di sakrifice wey una dey bring kom give mi.”
11 God sey, “From east go rish west, pipol go honor my name for evriwhere. Dem go burn betta incense and offa betta sakrifice give mi, bikos my name go dey great among all di nashons. 12 But una nor dey

respet mi, bikos una sey e dey okay to spoil God altar, so una dey give
mi sakrifice wey unasef nor go asept. 13 Una sey, 'Si! E too hard to serve
God!' So una nor gri obey my kommand again. Naw, make una tink am
sef, e good as una dey bring animal wey una tif; di ones wey dia leg break
or wey dey sick, kom give mi as sakrifice? Una tink sey I go asept am
from una? 14 Curse dey di pesin head wey dey play wayo and offa yuzles
animal, wen e bi sey e get many betta animals wey e promise sey e go give
mi! I bi strong king and all di nashon dey fear mi."

# 2

*Di Priest Message*

1 Oga God tell di priests, "Dis kommand na for una: 2 Una must honor
mi with wetin una dey do, but if una nor gri listin to wetin I dey tok, I go
curse una. I go bikos of wetin una do, curse evritin wey una get. True-
true, I don already curse una, bikos una nor gri honor mi. 3 I go ponish
una shidren-shidren and di animals wey una dey sakrifice, I go rub una
face for dia shit and dem go karry una komot for my present. 4 Den, una
go know sey na mi give una dis kommandment, so dat di kovenant wey I
make with Levi shidren wey bi my priests, go kontinue. 5 Di rizin why I
make kovenant with dem, na to give dem life and peace and dat na wetin
I give dem, so dat dem go respet mi and dat time, dem really respet and
fear mi. 6 Instead of dem to dey tink bad tins, dem dey tink about wetin
dey good and peace dey between us, bikos dem nor only dey do wetin dey
good, but dem help many pipol, stop to sin. 7 Na priest work to tish di trut
about God. So make pipol go meet and learn wetin I wont from dem, bikos
na Oga God send dem. 8 But una wey bi priest don turn komot from di
korrect road. Wetin una dey tish naw, don make many pipol dey sin. Una
don break di kovenant wey I make with una. 9 So, I go make di pipol hate
una well-well, bikos una nor dey do wetin I tell una and wen una dey tish
my pipol, una nor dey trit evribody ekwol."

*Di Pipol Sin*

10 Nor bi di same papa all of us get? Nor bi di same God kreate all of us?
Den why wi dey break awa promise wey wi make to each oda kon hate di
kovenant wey God make with awa grand-grand papa dem? 11 Judah pipol
don break dia promise wey dem make with God kon dey do wiked tins for
Jerusalem and evriwhere for di land. Dem don dirty di temple wey God
love and dia men marry wimen wey dey serve juju. 12 Doz wey do dis kind
tin, make God wey get pawa remove dem komot from Israel kommunity
and make E nor ever let dem join again for di sakrifice wey awa pipol dey
bring kom gi-am.

13 Dis na anoda tin wey una dey do: Una go kry until una tear go full
God altar, bikos E nor asept di sakrifice wey una bring kon gi-am. 14 Una
dey ask, "Why E nor gri asept awa sakrifice again?" Na bikos E know sey
una don break di promise wey una make with di wife wey una marry wen
una yong. Na una patina e bi, but naw, una don break di promise, even
doh una promise for God present sey una go dey faithful to am. 15 God
nor sey, una and una wife go bi one body and spirit? Wetin make am tok
like dat? Na bikos make una for get shidren, wey go bi God pipol. So,
make una make sure sey, una nor break di promise wey una make with

una wife. 16 Oga God sey, “I hate divorce. I hate wen one pesin among una
do dat kind wiked tin against en wife. Make una make sure sey, una nor
break di promise wey sey una go always dey faithful to una wife.”
17 Una don make God taya with una many tok. But una still dey ask,
“How wi take make God taya?” Na wen una sey, “Pipol wey dey do bad
tins, dey good for Oga God eye and E like dem well-well and wen una still
ask sey, ‘Where di God wey dey judge well?’ ”

# 3

*Judgement Day*

1 “Si! I dey send my messenja kom and e go prepare di way for mi. Den
Oga God wey una dey find, go kom en temple at wons. 2 But who go fit
bear di day wen E go kom? Who go fit survive wen E go appear? Bikos E
go bi like strong soap wey dey spoil klot and like fire wey dey melt iron.
3 E go kom judge like pesin wey dey wosh and klean silva and gold. Just
as pesin wey dey wosh gold and silva so dat dem go klean, na so too, God
messenja go wosh di priests, so dat dem go bring betta sakrifice kom give
God. 4 Den God go happy with di kind sakrifice wey Judah and Jerusalem
pipol go bring kom gi-am, just as E dey happy with dem before.”
5 Oga God sey, “I go judge pipol wey dey do majik; doz wey dey sleep
with who dem nor marry; pipol wey dey tok wetin dia eye nor si; oga dem
wey nor dey pay dia workers; doz wey dey opress wimen wey dia husband
don die, shidren wey nor get papa and mama again and strenjas. Dem dey
do like dis, bikos dem nor dey fear mi.

*Nor Shit God*

6 “Na mi bi God and I nor dey shange. Una wey bi Jakob shidren, na mi
make una neva die finish. 7 Na from una grand-grand papa time, una don
turn komot from my law and nor gri obey mi. Make una turn back kom
meet mi and I go turn kom meet una. But una dey ask, ‘How wi won take
turn kom meet Yu wen wi neva leave Yu before?’ 8 E dey good for pesin
to shit God? No! But una dey shit mi and una dey ask, ‘How wi take dey
shit Yu?’ Na for di matter wey koncern una ofrin and one out of evry ten
tins wey una get. 9 Curse dey una head, bikos na di whole nashon dey shit
mi.
10 “Make una bring one out of evry ten tins wey una get kom my temple,
so dat food go dey der. Den make una try mi, weda I nor go open heaven
kon pour many-many blessings for una head. 11 I nor go let ant distroy
wetin una plant and grapes go full una gardin. 12 Den di pipol for di
nashons go koll una, ‘Happiness’, bikos una land go bi betta place for
pipol to stay.”
13 God sey, “Una don tok bad-bad tins against mi. But una dey ask, ‘Wetin
wi tok?’ 14 Una sey, ‘E nor get wetin pesin go gain if e serve God. Wetin bi
di nid to do wetin E tok or try to show Oga God sey wi dey sorry for wetin
wi do?’ 15 Naw, wi dey sey, na pipol wey dey karry body up, happy pass.
Wiked pipol nor dey only prosper, but dem dey test as God patient bi with
di wiked tins wey dem dey do; yet nor-tin dey happen to dem.”
16 Den di pipol wey dey fear God kon tok to each oda and God listin and
hear wetin dem tok. For God present, all doz wey dey fear and respet en

name, dem kon rite dia name put for one book so dat God go remember dem.
17 Oga God sey, "Dem go bi my pipol. For di day wey I go kom judge di
world, na dem go bi my own. I go sorry for dem, just as papa dey sorry
for en pikin wey serve am. 18 Den my pipol go si di difren between good
and bad and between doz wey dey serve mi and doz wey nor dey serve
mi."

# 4

*Judgement Day*

1 Oga God sey, "True-true, Judgement day dey kom; e go kom like strong
fire. All doz sturbon and wiked pipol go fall and dat day dem go burn die.
Both dia rut and branches go burn finish. 2 But for una wey dey fear my
name, my sun wey dey give life go shine and heal una. Una go dey free
kon dey happy like melu pikin wey dem open en kage make e for go play.
3 Den for di day wen I go do all dis tins, una go mash wiked pipol for groun
and dem go bi like ashes under una leg."

Dis na wetin Oga God tok.

4 "Make una remember to obey my savant, Moses Law and all di
kommandments wey I gi-am for Mount Sinai sey make e tell Israel pipol.
5 Make una si, I go send Profet Elijah kom meet una, before God Judgement
Day go kom. 6 Wetin e go prish, go make papa setol with dia shidren and
shidren go setol with dia papa. If not, I go kom skata and distroy di land."

# Matiu
## Introdushon

Matiu, wey bi one for Jesus Christ disciple, naim write di first book. E tell di story wey sey na Jesus bi di Messiah (wey mean Savior) for di world. Jesus kom from Abraham and David family and na dem bi di gran-gran papa of Israel pipol. Dis Jesus naim bi di Pesin wey God promise and Israel pipol dey espect for long time. Matiu write di book to Jew pipol wey dey speak Greek as dia main language and e use many OT passage (1:22-23; 2:15; 4:14-16; 8:17; 13:35; 27:9-10) to prove sey Jesus naim bi di Messiah wey God send kom save pipol from sin.

*Jesus Christ Family*

1 Jesus Christ wey dem born for David and Abraham family, naim story bi dis.

2 Abraham born Isaak,
Isaak kon born Jakob.
Na Jakob born Judah and en brodas,
3 Judah born Perez and Zera (wey en mama bi Tamar),
Perez born Hezron and Hezron born Ram,
4 Ram na Amminadab papa,
Amminadab born Nashon,
Nashon kon born Salmon,
5 Salmon born Boaz (wey Rahab bi en mama),
na Boaz bi Obed papa (wey Rut bi en mama),
Obed kon born Jesse,
6 Jesse born David wey bi Israel pipol king.
David born Solomon (wey Uraya wife bi en mama),
7 Solomon born Rehoboam,
Rehoboam naim bi Abijah papa
and Abijah kon born Asa,
8 Asa born Jehoshafat,
Jehoshafat kon born Joram,
Joram born Uzzaya,
9 Uzzaya born Jotam,
Jotam kon born Ahaz, wey born Hezekaya,
10 Hezekaya born Manasseh,
Manasseh naim bi Amnon papa
and na Amon born Josaya.
11 Josaya born Jekonaya and en brodas for di time wey dem karry Israel pipol go bi slave for Babilon.
12 Afta dem karry Israel pipol go Babilon,
Jekonaya kon born Shealtiel,
Shealtiel kon bi Zerubabel papa,
13 Zerubabel born Abiud,
Abiud naim bi Eliakim papa,
Eliakim kon born Azor,
14 Azor born Zadok,
Zadok naim bi Akim papa,
Akim kon born Eliud,

15 Eliud born Eleazar wey bi Matan papa,
Matan kon born Jakob,
16 Jakob born Josef wey bi Mary husband, dis Mary naim bi Jesus Christ mama.
17 So, from Abraham go rish David time, na fourteen generashon dey
and from David time go rish wen dem karry Israel pipol go Babilon, na
fourteen too and from dat time go rish wen dem born Jesus Christ, na
fourteen generashon e bi.

### *Dem Born Jesus Christ*

18 Dis na how dem take born Jesus Christ. Wen Mary en mama don ready
to marry Josef, before dem bigin sleep togeda, Mary kon si sey e don get
belle with Holy Spirit pawa. 19 Josef wey won marry am, na pesin wey
dey fear God well-well and bikos e nor won disgrace am, e kon tink for en
mind sey e nor go marry Mary again.
20 As e dey tink how e go take leave am, God angel show ensef to am
for dream kon tell am sey, “Josef, David pikin, make yu nor fear to marry
Mary, bikos di pikin wey dey en belle, na Holy Spirit gi-am. 21 E go born
boy and yu go koll am ‘Jesus,’ bikos e go save en pipol from dia sin.”
22 Dis tins go happen as God profet tok: 23 “Si! Di woman wey neva
sleep with man before go get belle and e go born boy and dem go koll am,
‘Emmanuel’ wey mean, ‘God dey with us.’ ”
24 Wen Josef wake-up, e do wetin God angel tell am. So, e kon marry
Mary, 25 but e nor sleep with am until Mary born di pikin. Den e kon
name am, Jesus.

## 2

### *Wise Men Kom Salot Jesus*

1 Afta dem born Jesus for Betlehem wey dey Judea, for di time wey Herod
bi king, some wise men from east kon go Jerusalem 2 dey ask, “Where di
Jew king wey dem just born? Wi si di star wey tok about am, so wi kom
woship am.”
3 Wetin dem tok so, vex King Herod and Jerusalem pipol. 4 So, di king
gada all di priest oga dem and di pipol wey sabi di law kon ask dem,
“Where una tink sey dem go for born Christ?” 5 Dem kon ansa, “Na for
Betlehem, wey dey Judea, just as Profet Isaya rite sey:
6 “ ‘Betlehem pipol,
una wey small pass for all di pipol wey dey rule Judah,
na from among una di pesin
wey go lead all my pipol for Israel,
go from kom.’ ”
7 Den Herod koll di wise men go korna, make dem for tell am wen dem
si di star. 8 E kon sey, “Make una go look for di pikin well-well. Wen una
don si am, make una kom tell mi, so dat mi too, go-go woship am.”
9 Wen di king tok finish, di wise men kon dey go and di star wey dem
si before, kon dey lead dem until e stop on-top di house where di pikin
dey. 10 Wen dem si di star, dem kon dey happy. 11 Dem enter di house, si
di pikin with en mama kon knee down woship am. Den dem open dia bag
kon gi-am some gifts wey bi, gold, frankincense and myrrh. 12 Bikos God

warn dem for dream make dem nor go back go meet Herod, dem kon pass
anoda road go dia house.

### *Josef And En Family Run Go Egypt*

13 Wen di wise men don go, God angel kon tell Josef for dream, "Get up,
karry di pikin and en mama run go Egypt, make una stay der until I go
tell yu wetin una go do, bikos Herod won kill di pikin." 14 Dat same nite,
Josef wake-up, karry di pikin and en mama kon run go Egypt. 15 Dem stay
der till Herod die. Dis tin make wetin God profet tok happen sey, "I koll
my pikin komot from Egypt."

16 Wen Herod si sey di wise men deceive am, e vex well-well, so e send
sojas make dem go kill all di boys wey don rish two years kom down, bikos
e don rish two years wen di wise men kom meet am sey, dem si di star.
17 Dis one make wetin Profet Jeremaya tok happen sey,
18 "Pipol hear kry and shaut for Rama.
Rashel dey kry for en pikin dem wey don die
and nor-tin wey pipol tok,
fit make en heart strong."

### *Josef And En Family Go Back To Nazaret*

19 Afta Herod die, God angel appear to Josef for dream wen e still dey
Egypt, 20 kon tell am, "Make yu get up, karry di pikin and en mama go
Israel, bikos di pesin wey won kill-am, don die."

21 So, e karry di pikin and en mama go Israel back. 22 But wen e hear sey
Arkelaus dey rule for Judea, afta Herod en papa don die, Josef kon fear to
go der. Afta God don warn am for dream, e kon go Galilee. 23 Wen e rish
Nazaret, e kon stay der. Dis one make wetin Profet Jeremaya tok happen
sey, "Dem go sey Jesus, na Nazaret e from kom."

# 3

### *John Di Baptist Message*

1 For dat time, John di Baptist dey prish inside wildaness for Judea sey,
2 "Make una turn from sin kom meet God, bikos God Kingdom don near."
3 Na dis John Profet Isaya tok about sey,
"One pesin dey shaut inside wildaness sey,
'Make una make God road strait.' "

4 John wear klot wey dem use kamel hair make, e use leda belt tie waist
and na lokust and honey for bush, e dey chop. 5 Pipol from Jerusalem,
Judea and all di town wey dey near Jordan River dey run go meet am
6 and e kon baptize dem inside Jordan River, afta dem konfess dia sins.

7 But wen e si many Farisee and Sadusi pipol dey kom make e baptize
dem, e kon tell dem, "Una, snake shidren! Who warn una about God
judgement wey dey kom? 8 Naw, make una do wetin go show sey una don
turn from sin kom meet God, 9 make una nor tink sey una don free bikos
una sey, 'Abraham na awa papa.' Make I tell una, God fit turn all dis stone
to Abraham shidren! 10 Naw sef, dem don put di axe for di tree bottom
and any tree wey nor bear betta fruit, dem go kut am trow inside fire.

11 "I dey baptize una with wota make una for turn from sin kom meet
God, but di pesin wey go kom afta, strong pass mi. I nor big rish to luz
di rope wey dey en shoe, na-im go baptize una with Holy Spirit and fire.

12 Di fan wey e go take blow kanda komot from korn, dey en hand and e
go gada and keep en korn inside store kon burn di dirty for faya wey nor
dey kwensh."

### *John Baptize Jesus Christ*

13 Jesus kom from Galilee make John for baptize am for Jordan River.
14 But John won kon stop am sey, "Na yu suppose baptize mi, instead yu
kom meet mi make I baptize yu?"

15 Jesus ansa, "Make e bi so naw, e betta make wi do evritin wey God
wont." So, John kon baptize am.

16 As Jesus dey kom out from di wota afta John don baptize am, heaven
open and John kon si God Spirit wey bi like dove, stay on-top Jesus head.
17 Naim one vois from heaven kon sey, "Dis na My pikin wey I love and e
dey make belle sweet mi."

# 4

### *Devil Tempt Jesus Christ*

1 Di Holy Spirit take Jesus go inside wildaness make devil for tempt am.
2 Afta Jesus don fast for forty days and forty nites, e kon dey hongry. 3 Den
devil kon meet am sey, "If yu bi God pikin, kommand dis stone make e
turn to bread."

4 Jesus ansa, "God word sey, 'Nor bi only food man go take survive, but
na with evry word wey God tok.' "

5 Den, devil show Jesus di holy town kon make am stand on-top di place
wey high pass for di temple 6 and e tell Jesus, "If yu really bi God pikin,
jump go down, bikos dem rite for God word sey,

" 'God go kommand en angels
make dem do evritin for yu
and dem go katch yu
make yor leg nor nak stone.' "

7 Jesus ansa am, "God word sey, 'Make yu nor try God wey bi yor Oga
God.' "

8 Den devil take Jesus go one mountin wey high well-well kon show am
all di kingdom for dis world and all di betta tins inside am. 9 Devil kon tell
am, "I go give yu all dis tins, if yu go bow down woship mi."

10 Jesus ansa, "Komot here, devil! Bikos God word sey, 'Na only God wi
suppose to serve and woship.' "

11 So, devil kon leave Jesus and God angels kon bigin help am.

### *Jesus Prish For Galilee*

12 Wen Jesus hear sey dem don put John inside prison, e kon go back to
Galilee. 13 From der, Jesus komot from Nazaret go Kapanaum wey near di
sea, where Zebulun and Naftali pipol dey stay, 14 so dat wetin Profet Isaya
tok, go happen:

15 "Zebulun and Naftali di place
where river for cross Jordan River go Galilee,
where pipol wey nor bi Jew dey stay,
16 una wey dey darkness,
don si big lite
and una wey don nearly die,
don get life."

17 From dat time, Jesus bigin prish sey, "Make una turn from sin kom
meet God, bikos God Kingdom don kom meet una."

### *Jesus Choose En Disciples*

18 As Jesus dey waka for Galilee wotaside, e si two brodas, Simon wey
dem dey koll Pita and Andru en broda, dem dey trow net inside di river
dey katch fish. 19 Jesus kon tell dem, "Make una follow mi and I go make
una katch pipol." 20 At wons, dem leave dia net kon follow Jesus.
21 As Jesus komot from der, e kon si two brodas, James and John, with
Zebedee dia papa, dey ripair net inside dia boat. Den Jesus koll di brodas.
22 Kwik-kwik dem run leave dia papa inside di boat, kon follow Jesus.

### *Jesus Heal Pipol*

23 Jesus kon dey waka for Galilee dey tish inside dia sinagog. E prish
about God Kingdom and dey heal pipol wey get difren-difren diziz and
doz wey nor well. 24 So di news about Jesus kon spread go evriwhere for
Siria. Dem kon bring pipol wey nor well, wey nor fit waka, pipol wey devil
dey worry and di pipol wey demon dey inside dem, kom meet am and e
heal all of dem. 25 Many pipol from Galilee, Dekapolis, Jerusalem, Judea
and pipol wey dey stay near Jordan River, kon follow am.

# 5

### *Jesus Prish On-top Mountin*

1 Wen Jesus si di pipol, e klimb go di mountin and en disciples follow
am. Afta e don sidan, 2 e kon bigin tish dem sey;
3 "God go bless una wey dey poor for spirit,
na una go get heaven.
4 God go bless una wey dey mourn,
bikos E go make una happy.
5 God go bless una wey nor dey karry body up,
una go enjoy en promise for dis world.
6 God go bless una wey dey like to do good tins,
E go give una evritin wey una wont.
7 God go bless una wey dey sorry for pipol,
una go receive mesi.
8 God go bless una wey get pure heart,
na una go si God.
9 God go bless una wey dey make peace,
pipol go koll una God shidren.
10 God go bless una wey dey sofa bikos una dey do wetin dey rite,
na una go enjoy God Kingdom for heaven.
11 "God go bless una wey pipol dey curse, dey sofa and lie for una head,
bikos of mi, 12 make una happy and make belle sweet una, bikos na big tin
dey wait una for heaven. Make una remember sey, na so di profets wey
kom before una, sofa too."

### *Salt And Lite*

13 "Na una bi salt for dis eart. But if salt nor get taste; how e go bi for
pipol mout? E betta make dem trowey am and make pipol mash am.
14 "Na una bi lite for dis world and town wey dey on-top mountin, nor
dey hide. 15 Pesin nor dey lite lamp kon kover am with basin, instead e

go put am for where evribody wey dey inside di house go si am. [16] Like
dat too, make yor lite shine well-well for where pipol dey, so dat dem go
si di good tins wey yu dey do, wey go make dem praiz yor Papa wey dey
heaven."

*Tishing About Di Law*

[17] "Make una nor tink sey I kom spoil Moses Law and di tins wey di
profets tish. Nor bi so, misef kom obey dem. [18] I tell una true word, before
dis world go end, evritin wey dey inside di Law, even di small-small ones,
go happen. [19] So anybody wey nor do wetin God kommand and dey tish
odas to do as e dey do, naim go small pass for God Kingdom. But pesin
wey obey God and tish odas to do wetin di Law tok, na big pesin e go bi
for God Kingdom. [20] I tell yu di trut, if di good wey yu do, nor betta pass
wetin di Farisee and di pipol wey dey tish di Law do, yu nor go fit enter
God Kingdom."

*Tishing About Vexnashon And To Kill*

[21] "Yu hear as God tell awa papa dem before-before sey, 'Nor kill and
anybody wey kill, God go judge am.' [22] But I tell una, anybody wey vex for
en broda, God go judge am too. Anybody wey curse en broda, go face di
kansol and anybody wey koll pesin, 'Mumu', go-go hell-fire.

[23] "If yu take gift go altar and yu kon remember sey yor broda get bad
belle for yu, [24] make yu leave di gift for di altar, first go setol with yor
broda, den yu go fit kom back kon give yor gift.

[25] "Kwik setol with who dey akuiz yu before una rish kourt, if not, e go
give yu to di judge and di warda go trow yu inside prison. [26] I tell una di
trut, yu nor go komot from dat trobol until yu pay all di money!"

*Tishing About Adultery*

[27] "Yu hear wey pipol sey, 'Make yu nor sleep with who yu nor marry.'
[28] But I dey tell una naw sey, 'Anybody wey look woman kon get di mind
to sleep with am, don already kommit sin for en heart.' [29] If yor rite eye
go make yu sin, make yu plok am komot. E betta sey one part for yor body
nor dey, dan sey all yor body enter hell-fire. [30] If yor rite hand go make
yu do bad tin, make yu kut am trowey! E betta sey one part for yor body
nor dey, dan sey all yor body enter hell-fire."

*Tishing About Marriage*

[31] "Pipol dey sey, 'Anybody wey drive en wife, must gi-am paper sey e
nor won marry am again.' [32] But I dey tell una naw sey, anybody wey drive
en wife komot from marriage, wey nor bi sey di woman sleep with anoda
man, don make di woman kommit adultery and any man wey marry di
woman, don kommit adultery too."

*Tishing About Promise*

[33] "Again, yu don hear sey dem tell pipol before-before sey, 'Make yu
nor break yor promise, but do wetin yu promise God.' [34] But I dey tell una
naw sey, make una nor ever use heaven swear at-all, bikos na God throne
e bi, [35] or with eart, bikos naim God dey put en leg, or use Jerusalem, bikos
na di big king town [36] Nor even take yor head swear, bikos yu nor fit make
one singol hair white or black. [37] Wen yu sey, 'Yes,' make yu mean am and

wen yu sey 'No,' make yu mean am too. Any oda tin wey yu tok pass dis,
na devil e from kom."

### *Tishing About Revensh*

38 "Una hear sey, 'Anytin anybody do una, make una do am back.' 39 But
I tell una, make una nor fight, if anybody slap yor face, turn di oda side gi-
am too. 40 If anybody drag yor shirt with yu, make yu gi-am yor koat join.
41 And if anybody force yu waka one mile, make yu follow am waka two
mile. 42 Give pipol anytin wey dem ask from yu and nor drive anybody
wey kom borrow sometin from yu."

### *Love Yor Enemy*

43 "Una hear sey, 'Make una love una neighbour and hate una enemy.'
44 But I tell una naw sey, 'Make una love una enemies and pray for pipol
wey dey sofa una', 45 so dat una go bi like una Papa for heaven wey dey
allow sun to shine and rain to fall on-top bad and good pipol. 46 If una
love only di pipol wey love una, wetin una go gain? Na so bad pipol dey
do too, abi nor bi so? 47 If una dey greet only una brodas, una nor betta
pass odas, bikos pipol wey nor know God still dey do like dat, abi nor bi
so? 48 So make una dey pafet as una Papa wey dey for heaven, pafet."

## 6

### *Give With Good Mind*

1 "Make una nor dey do good bikos una wont make pipol si una; if una
do so, God nor go pay una for di good wey una do.

2 "Anytime una give sometin to pipol, make una nor show unasef as
pritendas dey do for dia sinagog and road, so dat oda pipol go praiz dem.
I tell una true word, dem don already get dia reward. 3 But wen una dey
give, make una nor let una left hand know wetin una rite hand give. 4 So
dat una gift, go dey sekret and una Papa wey dey si for sekret, go reward
una."

### *Tishing About Prayer*

5 "Anytime wey una dey pray, make una nor do like pipol wey dey
pritend, wey like to dey stand pray inside sinagog and for road, so dat
pipol go si dem. I tell una true word, dem don already get dia reward.
6 But wen una dey pray, make una go inside room, klose di door and pray
to una Papa for sekret. And una Papa wey dey si for sekret, go reward una
for pipol present. 7 Wen una dey pray, make una nor tok one word many
times as pipol wey dey serve juju dey do, bikos dem tink sey dia juju go
hear dem wen dia tok plenty. 8 Make una nor bi like dem. Una Papa know
wetin una nid before una bigin ask am.

9 "So make una pray like dis:

" 'Awa Papa wey dey for heaven,
    wi praiz yor name,
10 make yor Kingdom kom,
make wetin yu wont,
    happen for dis world as e bi for heaven.
11 Give us di food wey wi go chop evriday,
12 forgive us all di bad-bad tins wey wi don do,
    as wisef dey forgive odas di bad tins wey dem do us.

13 Nor allow us enter temptashon,
but make yu save us from bad tins.'
14 If una forgive oda pipol di bad tins wey dem do una, una Papa wey dey
for heaven go forgive una too. 15 But if una nor forgive odas, una Papa sef
nor go forgive una."

### *Tishing About Fasting*

16 "Wen una dey fast, make una nor skwiz una face like pipol wey dey
pritend, so dat pipol go si sey dem dey fast. I tell una true word, dem don
already get dia full reward. 17 But wen una dey fast, make una wosh and
rub pomade for una face, 18 so dat odas nor go know sey una dey fast, but
only una Papa wey dey for sekret go know. And una Papa wey dey si for
sekret, go reward una."

### *Propaty Wey Dey Last*

19 "Make una nor just gada propaty for dis world, bikos siti-siti go chop
dem or dem go rust or tif fit enter inside di house tif dem. 20 But make
una gada betta tins for unasef for heaven, where siti-siti nor go for fit chop
dem and dem nor go rust and tif nor go fit enter tif dem, 21 bikos, where
una propaty dey, na der una heart go dey too.
22 "Na eye bi di lite for pesin body. If pesin eye dey okay, lite go full en
body. 23 But if pesin eye blind, den darkness go full en body. If di lite wey
dey inside una na darkness, di darkness big well-well!
24 "Nobody go fit serve two oga, e go hate one kon love di oda one, or
e go serve one with all en heart and nor respet di oda one. Nobody go fit
serve God and money for di same time.

### *Make Una Nor Worry*

25 "So I tell una, make una nor worry about una life, wetin una go chop
or drink and wetin una go wear for body. Life nor big pass food? Abi body
nor betta pass klot? 26 Make una look di birds wey dey fly for sky, dem
nor dey plant or put anytin wey dem gada inside store, but una Papa for
heaven dey feed dem. Una nor betta pass dem? 27 Who among una wey
dey worry go fit add one hour join en life?
28 "Why una dey worry about klot wey una go wear? Make una tink
how flower dey grow for field; dem nor dey work or make klot wey dem
dey wear. 29 I tell una true word, even Solomon, upon all di money wey e
get, e nor wear klot wey fine rish di ones wey dis flower dem dey wear!
30 If God make grass fine like dis, grass wey una go si today and tumoro
dem go trow am for fire, E nor go dress una pass dem? Una faith small
well-well o-o. 31 So make una nor worry kon dey sey, 'Wetin wi go chop,
drink or wear?' 32 Na dis kind tins pipol wey nor know God dey porshu
and una Papa for heaven know sey una nid dem. 33 But make una first do
di good tins wey God wont and evry oda tin go bi una own. 34 So make una
nor worry about tumoro, bikos tumoro get en own wahala. Today trobol
don do."

## 7

### *Make Una Nor Judge*

1 "Make una nor dey judge pipol anyhow, so dat God nor go judge una.
2 Bikos as una dey judge, na so God go take judge una. And as una dey do
to oda pipol, na so dem go do una too.
3 "Why yu dey si di small dirty wey dey yor broda eye, but yu nor dey
si di big wood wey dey for yor own? 4 How yu won take tell yor broda
sey, 'Make I remove di dirty wey dey yor eye, wen big wood dey yor own?'
5 Yu wey dey pritend, first remove di big wood wey dey yor eye, den yu
go fit si di small dirty for yor broda own.
6 "Make una nor give dog tins wey dey holy or trow yor gold give pig,
bikos dem go mash am with dia leg, turn face yu, den kon tear yu to pieces.

### *Ask, Look for And Nok*

7 "Wen yu ask for sometin, God go gi-am to yu; wen yu look for sometin,
yu go si am and wen yu nok, di door go open for yu. 8 Anybody wey ask
for sometin, go get am; anybody wey dey find sometin, go si wetin e dey
find and pesin wey nok door, dem go open for am.
9 "E get any of una wey en pikin ask am for bread and e gi-am stone?
10 Or if di pikin ask for fish, yu go gi-am snake? 11 If yu wey bad fit give
yor pikin good tin, yu tink sey God wey dey heaven nor go give betta tin
to pipol wey ask am? 12 Bikos of dis, make yu trit pipol as yu wont make
dem trit yu, bikos na so dem rite am for di Profets and Moses Law.

### *Small Gate*

13 "Make yu pass di small gate enter, bikos di gate wey pipol go pass go
sofa, wide well-well and many pipol dey waka enter. 14 But di gate wey
pipol dey pass enter life, small well-well and e hard to enter and na only
few pipol go fit si am."

### *Di Tree And En Fruit*

15 "Make yu shine yor eye, bikos lie-lie profets go kom like sheep, but for
inside dia heart, dem bi wiked animal wey dey kill. 16 Yu go know dem
with wetin dem dey do. Pipol nor dey gada grape or fig from shuku-shuku.
17 So too, evry good tree go bear good fruit, but bad tree, go bear bad fruit.
18 Good tree nor go fit bear bad fruit and bad tree nor go fit bear good
fruit. 19 Any tree wey nor bear good fruit, dem go kut am down kon trow
am inside fire. 20 So, yu go know di lie-lie profets with wetin dem dey do."

### *God Go Judge Pipol Wey Dey Pritend*

21 "Nor bi evribody wey dey koll God, 'Oga God, Oga God', go enter God
Kingdom, but na only di pipol wey dey do wetin my Papa for heaven wont.
22 For dat day wey God go judge evribody, many pipol go sey, 'Oga God,
wi use yor name prish God message, drive many demon komot from pipol
body and do many mirakle.' 23 Dat time, I go sey, 'I nor know yu. Make
yu komot from where I dey, yu wey wiked well-well.' "

### *Hear And Do*

24 "Pesin wey hear my word and do wetin I tok, e bi like wise man wey
build en house on-top rock. 25 Wen rain fall, wota kon full di groun, den
strong breeze kon blow di house, e nor go fall, bikos dem build am on-top
rock. 26 But pesin wey hear my word and e nor do am, e bi like foolish man
wey build en house on-top san. 27 Wen rain fall, wota kon full di groun,
den strong breeze kon blow di house, na wons e go fall skata for groun."

[28] Afta Jesus don tok all dis tins, di pipol sopraiz for di wey e dey tish,
[29] bikos e tish dem like pesin wey get authority and nor bi as dia law tishas dey do.

# 8

### *Jesus Heal One Leper*

[1] Afta Jesus kom down from di mountin, plenty pipol kon follow am.
[2] One leper kon meet am, knee down for en front, kon sey, "Oga God, if yu wont, yu go fit heal mi, so dat my body go well."

[3] Jesus tosh di man kon sey, "Yes, I wont make yu well!" At wons, di
sickness komot from di man body. [4] Den, Jesus tell am, "Nor tell anybody, but go meet di priest, make e look yu. Afta, go give di ofrin wey Moses kommand to show sey yu don well."

### *Jesus Heal Roman Offisa Savant*

[5] Wen Jesus enter Kapanaum, one Roman offisa kon meet am dey beg
make e help am. [6] Di offisa sey, "Oga God, my savant nor well for house, e nor fit get up and body dey pain am well-well."

[7] Jesus kon ansa, "I go kom heal am."

[8] But di offisa sey, "Oga God, I nor big rish who yu go enter en house,
instead just tok and my savant go well. [9] Misef, I bi man wey get oga and I still get sojas wey dey under mi. If I kommand one sey make e 'Go', e go-go, if I kommand anoda one sey make e 'Kom', e go kom and if I kommand my savant make e 'Do dis tin', e go do am."

[10] Wen Jesus hear wetin e tok, e sopraiz, den e tell di pipol wey dey
follow am, "I tell una true word, I neva si anybody wey get dis kind faith
for Israel! [11] Many pipol from east and west go kom follow Abraham,
Isaak and Jakob chop inside God Kingdom. [12] But dem go trow di pipol wey suppose enter di Kingdom for darkness, where dem go dey kry and grind dia tit."

[13] Den Jesus tell di offisa, "Go, since yu bilive, na so e go bi for yu." Na dat same time di savant well.

### *Jesus Heal Pita Wife Mama*

[14] Wen Jesus enter Pita house, e kon si sey Pita wife mama nor well.
[15] Den e tosh di woman and di fever komot from en body. So, di woman get up kon bigin serve dem.

[16] Wen evening rish, dem karry many pipol wey demon dey inside dem kom meet Jesus. E drive di wiked spirits komot kon heal all di pipol wey
nor well. [17] Dis one make wetin Profet Isaya tok bi true,

"E remove awa sickness
and karry awa diziz komot."

### *Jesus Ansa Pipol Wey One Follow Am*

[18] Wen Jesus si plenty pipol gada am, e kon kommand en disciples make
dem cross go di oda side for di river. [19] One law tish kon tell Jesus, "Tisha, I go follow yu go anywhere wey yu dey go."

[20] Jesus ansa am, "Rabbit and bird get dia own house, but Man Pikin nor get where e go fit rest en head."

[21] Anoda disciple kon sey, "Oga God, make I first go beri my papa."

[22] Jesus ansa am, "Follow mi, make doz wey don die beri dia dead body."

### *Jesus Stop Heavy Breeze For Sea*

23 As Jesus enter di boat, en disciples kon follow am. 24 At wons, strong
breeze kon dey blow for di sea and wave won sink di boat. But Jesus Christ
dey sleep. 25 So en disciples wake am kon sey, “Oga God, save us! Na die
wi dey so o-o!”
26 Jesus ansa dem, “Una faith small o-o. Wetin make una dey fear?”
Den e get up, kommand di breeze and di wave sey, make dem stop and
evriwhere kon kwayet at wons.
27 Di men sopraiz well-well kon dey ask each oda, “Wish kind man bi
dis sef? Even breeze and wave dey obey am!”

### *Jesus Heal Men Wey Get Demon*

28 Wen Jesus rish di oda side where Gadarenes pipol dey stay, two men
wey get demon, run from di beri groun kom meet am. Nobody dey fit pass
dat road, bikos di men wiked well-well. 29 Di demons kon hala, “God Pikin,
make yu leave us o-o, abi yu kom sofa us wen time neva rish?”
30 For where dem dey, plenty pig dey chop near der. 31 Den di demons
beg Jesus, “If yu drive us komot, make yu send us go enter inside di pigs.”
32 So Jesus tell dem, “Make una go!” At wons, dem kon komot enter
inside di pigs and all di pigs rush go enter di river kon die. 33 Di pipol
wey dey look di pigs, run go di town kon tell pipol evritin wey happen to
di men wey get demons. 34 Den evribody for di town kon dey find Jesus.
Wen dem si am, dem kon beg am make e komot from dia aria.

## 9

### *Jesus Heal One Man Wey Paralaiz*

1 Jesus enter boat kon cross go en home-town for di oda side. 2 Some
pipol kon bring one man wey nor fit waka kom meet am. Wen Jesus si as
dia faith strong rish, e kon tell di man wey nor fit waka, “My pikin, make
yu nor fear! God don forgive yu all yor sins.”
3 Den some law tishas kon dey tok to demsef sey, “Si as dis man dey
shalenge God.”
4 Wen Jesus know wetin dem dey tok, e kon ask dem, “Wetin make una
dey tink dis kind bad tin for una mind? 5 Wish one eazy pass to tok, ‘I
forgive yu yor sins’ or ‘Stand up make yu waka?’ 6 But make una know
sey Man Pikin get pawa for dis world to forgive pipol dia sins.” So e kon
tell di man wey nor fit waka, “Stand up, karry yor bed, make yu dey go
yor house.” 7 Den di man stand up kon waka go en house. 8 Wen di pipol
si wetin happen, fear katch dem well-well and dem kon bigin praiz God
wey give dis kind pawa to human being.

### *Jesus Koll Matiu*

9 As Jesus komot from der, e si one man wey na name bi Matiu, wey
sidan for where dem for dey pay tax. Jesus kon tell am, “Follow mi.” At
wons, di man kon get up follow am.
10 As Jesus dey chop for Matiu house, many tax kollectors and sinnas
follow en and en disciples dey chop too. 11 Wen di Farisee si wetin dey
happen, dem kon bigin ask di disciples, “Wetin make una tisha dey follow
tax kollectors and sinnas dey chop?”

12 Wen Jesus hear wetin dem dey tok, e kon ansa dem, “Pesin wey well
nor nid doctor to cure am, but na who nor well, nid am. 13 Make una go
learn wetin dis word mean: ‘Na mesi I wont, nor bi sakrifice, bikos na
sinnas I kom save, nor bi good pipol.’ ”

### *New Tin Wey Betta*

14 John disciples kom meet Jesus kon ask am, “Why e bi sey wi and di
Farisee pipol dey fast evritime and yor disciples nor dey fast?”
15 Jesus ansa, “Pipol wey kom marriage nor fit mourn if di man wey dey
marry dey with dem! Abi e dey happen like dat? But di day go kom wen
dem go take di man wey dey marry komot from where dem dey, dat time,
dem go fast.
16 “Nobody dey take new klot pash di whole wey dey for old klot, bikos
where dem pash for di old klot go tear more and di whole wey go dey der,
go big pass di one wey dey before. 17 Nobody go pour new wine inside old
wine bag, bikos di bag go burst and di wine go pour trowey, den di wine
bag go tear. Na dis make dem dey put new wine inside new wine bag, so
dat di wine nor go trowey and di wine bag nor go tear.”

### *Jesus Heal One Woman And Wake Pesin Wey Die*

18 As Jesus dey tok dis tins, one oga kom knee down for en front sey, “My
dota just die, make yu kom tosh am and e go wake-up.” 19 So Jesus and en
disciples kon follow am.
20 One woman wey blood dey rush komot for en body for twelf years
kon kom Jesus back, den e tosh en klot korna. 21 Bikos di woman don tink
am for en mind sey, “If I go fit tosh en klot korna, I go well.”
22 Wen Jesus turn round si di woman, e kon tell am, “My pikin, make yu
nor worry! Yor faith don make yu well.” From dat time, di woman kon
well.
23 Wen Jesus enter di oga house, e si pipol dey play music and plenty
pipol dey make nois for der too. 24 E kon tell dem, “Make evribody komot,
di girl neva die, e just dey sleep.” Den, dem kon bigin laf am. 25 Afta di
pipol don go outside, Jesus go whole di girl for hand and di girl kon stand
up! 26 Pipol kon bigin tok about wetin happen for evriwhere.

### *Jesus Heal Pipol*

27 As Jesus komot for der, two blind men kon follow am dey shaut, “David
pikin, make yu sorry for us!”
28 Wen Jesus don enter di house, di two blind men kom meet am. Den e
ask dem, “Una bilive sey I fit make una si?”
Dem ansa, “Yes Oga God, yu fit.”
29 Den Jesus tosh dia eyes kon sey, “Make e happen to una as una faith
strong rish.” 30 At wons, dia eyes kon open and dem kon bigin si. Jesus
kon warn dem sey, “Make una nor tell anybody wetin happen so.” 31 But
dem kon go evriwhere, bigin tok about di tin wey Jesus do for dem.
32 As dem komot, some pipol bring one man wey get demon and e nor
fit tok, kom meet Jesus. 33 Wen Jesus don drive di demon komot, di man
kon bigin tok. Di pipol wey gada for di place sopraiz well-well and dem
kon sey, “Nobody don si dis kind tin for Israel before.”
34 But di Farisee pipol sey, “Na devil pawa Jesus dey use take drive demon
komot from pipol body.”

### *Pipol Wey Go Work*

35 Jesus waka go all di town and village, dey prish di Good News about
God Kingdom for dia sinagog and dey heal difren diziz and pipol wey nor
well. 36 Wen e si how pipol plenty rish, e kon sorry for dem, bikos nobody
dey to help dem and dem kon dey waka anyhow like sheep wey nor get
who dey look dem. 37 Den e tell en disciples, "Wetin pipol go harvest plenty
well-well, but di pipol wey go do di work nor plenty rish." 38 So, make una
pray make di Oga God wey get di farm, send pipol wey go work for en
farm, kom.

# 10

### *Jesus Send En Disciples*

1 Jesus koll en twelf disciples kon give dem pawa to drive demons and
heal diziz and pipol wey nor well.

2 Dis na di twelf disciples name: Simon (wey dem dey koll Pita); Andru,
wey bi Pita broda; James wey bi Zebedee pikin and en broda John, 3 Filip
and Bartolomew; Tomas; Matiu, wey bi tax kollector; James, wey bi Afaeus
pikin and Taddaeus. 4 Simon wey bi Zealot (pesin wey dey fight for en
kountry) and Judas Iskariot wey sell Jesus Christ.

5 Jesus send and tell dem, "Make una nor go Gentile aria go prish and
make una nor enter Samaria pipol town, 6 but make una go meet Israel
pipol, wey bi God sheep, wey lost. 7 As una dey go, make una prish di
message sey, 'God Kingdom don near!' 8 Make una heal pipol wey nor
well, wake pipol wey don die; cure lepers and drive demons komot from
pipol body. Na free God give una dis pawa, so make una gi-am free to oda
pipol too. 9 Make una nor karry any money follow body, 10 or karry bag or
estra dress, sandal or walkin stik, bikos di pipol wey una go meet, go give
una evritin wey una wont.

11 "Wen una enter any town or village, make una look for pesin wey
ready to receive una for en house, make una stay with am until una komot
from dat town. 12 Any house wey una enter, make una greet di pipol wey
dey inside. 13 And if di pipol inside di house welkom una, make una peace
stay with dem, but if dem nor welkom una, una peace go kom back to una.
14 If di pipol nor welkom or listin to una message, make una shake dia san
komot from una leg as una dey leave dat house or town. 15 I tell una true
word, e go betta for Sodom and Gomorrah pipol for judgement day, pass
di pipol wey dey for dat town."

### *Di Disciples Sofa*

16 "Si! I dey send una go like sheep for where plenty wiked animals dey,
so make una dey wise like snake and gentol like dove.

17 "Make una dey ready, bikos pipol go arrest una karry go kourt and
flog una for dia sinagog. 18 Bikos of mi, dem go drag una go meet rulers
and kings, so dat una go tok about mi give dem and Gentile pipol. 19 Make
una nor worry about wetin una go tok wen dem drag una go kourt, bikos
God go give una wetin to tok wen dat time rish. 20 Nor bi una go dey tok,
but na una Papa Spirit go dey tok thru una.

21 "Broda go sell en own broda give pipol make dem kill-am and na so
papa go sell en own pikin too. Shidren go fight and kill dia papa and
mama. 22 Evribody go hate una bikos of mi. But anybody wey fit bear rish

di end, God go save am. 23 Anytime dem sofa una for one town bikos of
mi, make una run go anoda town. I tell una true word, una nor go run
pass all di town for Israel, before Man Pikin go kom back.
24 "Nobody big pass en tisha and know savant big pass en oga. 25 E good
make disciple bi like en tisha and savant bi like en oga. If dem dey koll
oga for en house 'Belzibub (wey mean demon oga),' wot of di pipol wey
dey di house? Dem nor go koll dem bad name too?"

### *Fear God, Nor Fear Man*

26 "Make una nor fear man, bikos nor-tin wey hide wey nor go kom out
and know sekret wey pipol nor go know. 27 Wetin I tell una for darkness,
make una tok am for day time and wetin I tok for una ear, make una shaut
am make pipol hear. 28 Make una nor fear who go fit kill di body and nor
fit kill di soul. Instead, make una fear God wey fit distroy pesin soul and
body for hell-fire. 29 Nor bi one penny dem dey sell two sparo bird? But no
one go fall rish groun, escept God allow am. 30 Si! God know how many
hair dey for una head. 31 So, make una nor fear, una betta pass many
sparo.
32 "Anybody wey tok for publik sey en know mi, na so mi too go tok about
am give my Papa for heaven. 33 But anybody wey deny mi for publik, misef
go deny am for heaven."

### *Nor Bi Peace, Na War*

34 "Make una nor tink sey, I bring peace kom dis world. No! Na war I
bring. 35 I kom make boy pikin nor gri with en papa and make girl pikin
nor gri with en mama. Wife nor go gri with en husband mama 36 and
pesin worse enemy, go bi en own family pipol.
37 "Anybody wey love en papa, mama and pikin pass mi, nor go fit bi
my disciple. 38 Anybody wey nor karry en cross follow mi, nor go fit bi my
disciple. 39 Pesin wey hold en life tait, go luz am, but anybody wey luz en
life bikos of mi, go gain am."

### *Reward*

40 "Pesin wey welkom yu, welkom mi too and anybody wey welkom mi,
welkom di Pesin wey send mi. 41 Anybody wey receive profet, bikos na
profet e bi, go get profet reward. Pesin wey receive good pesin, bikos na
good pesin e bi, go get good pesin reward. 42 And anybody wey give kold
wota to di pesin wey small pass among my disciples, I tell una true word,
e nor go ever luz en reward."

# 11

1 Wen Jesus don tish en disciples finish, e kon komot from der go tish
and prish for difren towns for Galilee.

### *Jesus And John Di Baptist*

2 Naw, wen John hear for inside prison about di tins wey Jesus dey do, e
kon send en disciples go ask am: 3 "Na yu bi di Mezaya wey wi dey espect
or make wi wait for anoda pesin?"
4 Jesus kon ansa dem, "Make una go tell John wetin una dey hear and si.
5 Blind pipol dey si, pipol wey nor fit waka dey waka, God dey cure leper,
deaf pipol dey hear, pipol wey don die, dey wake-up and poor pipol dey
hear di Good News. 6 God go bless di pesin wey nor dey vex for mi."

7 As John disciples dey go, Jesus kon tell di pipol about John: "Wetin una
go desert go si? Na grass wey breeze dey blow? 8 Who una go outside go
si? Abi na man wey wear fine dress? Pipol wey dey wear fine dress like
dat, nor bi king palis dem dey stay? 9 Wetin una go si for outside? Na
profet? Yes! I tell una, e even big pass profet. 10 Na John bi di pesin wey
dem rite for God word about sey:
" 'Si, I dey send pesin go yor front,
make e go prepare di way for yu.'
11 I tell una true word, among all di pipol wey woman born, e nor get
anybody wey big rish John di Baptist. But di pesin wey small pass for God
Kingdom, big pass am. 12 From John di Baptist time kon rish naw, pipol
dey struggol to enter God Kingdom, but na only doz wey dey struggol well-
well, dey fit enter. 13 Before John kom, Moses Law and di profets dey prish
about wetin go happen. 14 And if una go gri with wetin I dey tok, John,
na-im bi Elijah wey suppose to kom. 15 Anybody wey get ear, make e hear!
16 "Wetin I go sey dis time pipol bi like? Dem bi like shidren for market
wey dey hala for each oda sey,
17 " 'Wi blow flute for una,
but una nor gri dance,
wi dey kry for awa pesin wey die,
but una nor follow us kry.'
18 Wen John di Baptist kom, e nor chop, drink or enjoy life but una sey,
'E get demon!' 19 But wen Man Pikin kom, e chop and drink and una sey,
'Si am, long-trot, drunkaman, tax kollectors and sinnas friend!' But God
wisdom dey show for wetin e dey do."

### *Town Wey Nor Bilive*

20 Jesus kon dey curse all di town where e for do many mirakles, bikos
di pipol nor gri turn from sin kom meet God. 21 "E nor go betta for Korazin
and Betsaida pipol! If to sey di mirakles wey dem do among una happen
for Tyre and Sidon, dem for don turn from dia sin kom meet God, kon
karry ashes put for head and wear tear-tear klot, 22 but I tell una true
word, e go eazy for Tyre and Sidon for judgement day pass una. 23 Una
wey bi Kapanaum pipol, una feel sey una fit karry unasef go heaven? No!
God go trow una for hell-fire, bikos if to sey dem do di mirakles wey dem
do for una, for inside Sodom, di town for still dey till today. 24 But I tell
una, God go get mesi for Sodom pass una for judgement day!"

### *Jesus Invite Pipol*

25 For dat time, Jesus kon sey, "I praiz yu Papa, Oga God wey get heaven
and eart, bikos yu hide dis tins from pipol wey get sense and doz wey
know book well-well, but yu show dem to small shidren. 26 Yes! Papa, na
so yu wont make e bi.
27 "My Papa put evritin for my hand. Nobody know di pikin, but na
only en Papa know am. Nobody know di Papa, but na only di pikin and
anybody wey di pikin choose to show. 28 Una wey don taya and karry
heavy load, make una kom meet mi and I go give una rest. 29 Make una
follow mi and learn from mi, bikos I gentol, I nor dey karry body up and
I go give una peace for una mind. 30 My way eazy to follow and my load
nor heavy to karry."

# 12

### *Sabat Day Oga God*

1 Dat time, Jesus waka pass one korn farm for Sabat Day. En disciples
kon dey plok di korn chop, bikos dem dey hongry. 2 But wen di Farisee
pipol si dem, dem kon tell Jesus, "Si, yor disciples dey break di law for
Sabat Day."
3 Jesus ansa, "Una neva read wetin David do wen en and en pipol dey
hongry, 4 how dem enter God house kon chop di holy bread wey ordinary
pipol nor suppose chop, bikos na only priests suppose to chop am? 5 Or
una neva read for Moses Law sey, priests dey work for Sabat Day, but
nobody dey sey dem kommit sin? 6 I tell una, pesin wey big pass di temple
dey here with una naw. 7 If to sey una know wetin dis tin mean: 'Na mesi
I wont, nor bi sakrifice', una nor for kondemn pesin wey nor kommit sin.
8 Man Pikin na-im bi Sabat Day Oga God."

### *Jesus Heal For Sabat Day*

9 Den Jesus komot der kon enter dia sinagog. 10 One man wey en hand
die dey der. Some pipol wey dey find as dem go take akuiz Jesus kon ask,
"E dey rite to heal for Sabat Day?"
11 Jesus ansa, "If any of una get sheep wey fall inside pit for Sabat Day,
e nor go-go karry am out? 12 Human being betta pass sheep! So, e dey rite
to do good for Sabat Day."
13 Den Jesus tell di man, "Stresh yor hand." So di man stresh en hand
and di hand kon strong like di oda one. 14 But di Farisee pipol kon go plan
as dem go take kill Jesus.

### *God Special Savant*

15 Wen Jesus hear sey dem dey plan to kill-am, e kon komot from der.
Many pipol follow am and e kon heal all of dem wey nor well. 16 But e
warn dem sey, make dem nor tell anybody who e bi. 17 Dis make wetin
Profet Isaya tok, happen:

18 "Na my savant wey I choose bi dis,
di One wey I love,
wey I dey happy with.
I go put my Spirit inside am
and e go judge di world.
19 E nor go kworel or shaut,
nobody go hear en vois for publik,
e nor go tosh pesin wey weak,
20 or kwensh di small hope wey pesin get,
until dem go stop to opress pipol.
21 And en name go give hope to Gentile
and oda pipol for dis world."

### *Jesus And Belzibub*

22 So dem kon bring one blind man wey get demon and nor fit tok, kom
meet Jesus. Jesus heal am and di man kon dey si and tok. 23 Di pipol
sopraiz well-well kon dey ask, "Dis nor bi David pikin wey wi dey wait
for?"

24 But wen di Farisee pipol hear wetin dem dey tok, dem kon ansa, "Na
Belzibub (wey bi demon oga) pawa e dey use take drive demons komot
from pipol body."
25 Wen Jesus know wetin dem dey tink for dia mind, e kon sey, "Evry
kingdom wey dey fight with ensef go skata and know town or family wey
dey fight demsef, go fit stand. 26 So if Satan dey drive Satan komot, e don
divide ensef bi dat, den how en kingdom go fit stand? 27 And if na Belzibub
pawa I take dey drive demons komot, na wish pawa una shidren dey take
drive demon too? Bikos of dis, una shidren go judge una. 28 But if na God
Spirit I take dey drive demons, den God Kingdom don already kom meet
una.
29 "How pesin go fit break enter strong man house kon tif en propaty,
unless e first tie di strong man? Den, e go get shance tif wetin dey di house.
30 "Anybody wey nor dey with mi, dey against mi and anybody wey
nor join mi, dey skata my work. 31 Naim make mi dey tell una sey, 'God
go forgive pipol dia sin and all di bad word wey dem tok, but anybody
wey curse or tok bad word against di Holy Spirit, God nor go forgi-am.'
32 Anybody wey tok bad against Man Pikin, God go forgi-am. But anybody
wey tok bad against di Holy Spirit, God nor go ever forgi-am, weda for dis
life or di one wey dey kom."

### *Tree And En Fruit*

33 "Good tree dey bear good fruit and bad tree dey bear bad fruit. Na
di fruit wey tree bear, naim pipol take dey know di kind tree wey e bi.
34 Una, snake shidren! How una won take tok good word since una dey
wiked? Na wetin full pesin heart, naim en mout dey tok. 35 As good pesin
dey bring good tins from en heart, na so bad pesin dey bring bad tins from
en heart too. 36 I tell una true word, for judgement day, pipol go ansa God
for all di yeye word wey dem tok. 37 Na di word wey yu dey tok, naim go
fit free or kondemn yu for God present."

### *Jonah Sign*

38 Some of dem wey bi law tisha and Farisee pipol kon tell Jesus, "Tisha,
wi wont make yu show us sign."
39 Jesus ansa, "Si dis bad and wiked pipol for dis time wey dey ask for
sign, I nor go show una any sign, escept Profet Jonah own. 40 As Jonah dey
inside big fish belle for three days and nites, na so Man Pikin go dey for
grave for three days and nites too. 41 For judgement day, Nineveh pipol go
kondemn di pipol for dis time, bikos wen Jonah prish give dem, dem turn
from sin kom meet God. And naw, somebody wey big pass Jonah dey here
with una! 42 For judgement day, Sheba kween go kondemn di pipol for dis
time, bikos e travel from far place kom hear Solomon wisdom. And naw,
somebody wey big pass Solomon dey here with una!"

### *Evil Spirit Fit Kom Back*

43 "Wen evil spirit don komot from pesin body, e dey pass where wota
nor dey, dey find where e go rest, but if e nor si, 44 e go tell ensef, 'I go-go
back to di house where I from komot.' Wen e kom back kon si sey di house
empty and dem don swip and arrange am, 45 e go-go bring seven spirit wey
wiked pass am, kom. Dem go enter di pesin kon sidan for der, so di pesin

kondishon go kon bad pass as e bi before. Na like dis e go happen to evil
pipol for dis time."

### *Jesus Family*

46 As Jesus still dey tok, en mama and brodas kon stand for outside, bikos
dem won si am. 47 So somebody for der kon tell Jesus, "Si, yor mama and
brodas dey outside and dem won tok to yu."
48 Jesus kon ask di pesin, "Who bi my mama and brodas?" 49 Den Jesus
point to en disciples kon sey, "Na dis pipol bi my mama and brodas. 50 Pesin
wey do wetin my Papa for heaven wont, na dat pesin bi my broda, sista
and mama."

# 13

### *Parabol About Farmer*

1 Dat same day, Jesus komot from di house go sidan for Galilee wotaside.
2 Many pipol gada round am, so e enter one boat and all di pipol sidan for
groun near di wota. 3 E kon use parabol tish dem many tins: "Si! E get
one farmer wey go plant seed for en farm. 4 As e dey plant, some seed fall
for road and bird kon chop dem. 5 Some fall for san wey get big-big stone.
Di one wey fall for san, kwik grow bikos di san nor deep. 6 So wen sun
kom out, e burn dem and bikos dia rut nor deep well, dem kon die. 7 Some
seed fall for shuku-shuku. Dem grow kom out, but di shuku-shuku, shuk
dem die. 8 But some seed fall for betta groun. Dem grow well kon bear
oda seeds, some bear rish hundred, some sixty and some thirty. 9 Anybody
wey get ear, make e hear!"

### *Wetin Di Parabol Mean*

10 Den di disciples kom meet Jesus ask am, "Why yu dey tok to dis pipol
with parabol?"
11 Jesus ansa dem, "God don make una know all di sekret tins about en
kingdom, but dis pipol nor know. 12 Pesin wey get sometin, dem go gi-am
more and wetin e get go kon plenty. But pesin wey nor get anytin, even
di small one wey e get, dem go take am from am. 13 Naim make I dey tok
with parabol sey:
" 'Dis pipol get eye, but dem nor dey si,
dem get ear, but dem nor dey hear or undastand.'
14 Na dis tin make wetin Profet Isaya tok happen,
'Una go listin well-well, but una nor go undastand.
Una go look well-well, but una nor go si anytin,
15 Dis pipol nor go fit undastand; dem nor won hear anytin,
dem klose dia eyes make dem nor for fit si and hear with dia ear.
Dia mind don block,
so dem nor go fit undastand,
but if to sey dem fit turn kom meet mi,
I for heal dem.'
16 But God go bless una eye, bikos dem dey si well and una ear, bikos dem
dey hear word. 17 I tell una true word, many profets and good-good pipol
don wait taya make dem for hear and si wetin una dey si, but dem nor si
or hear am.
18 "So, make una undastand wetin di farmer parabol mean: 19 'Wen
pesin hear God word and e nor undastand am, di devil go kom tif di word

wey dem plant for en heart, dis na di seed wey fall for road. [20] Di seed
wey fall for san wey get big-big stone, na pesin wey hear God word kon
receive am with joy, [21] but di seed nor get rut, bikos di word wey e hear,
nor strong for en heart, so wen trobol kom, e nor go fit bear-am. [22] Di
seed wey fall for shuku-shuku, na pesin wey hear God word, but wahala,
long-trot and to kwik get money for dis world kon shuk di word die for
en heart and e nor kon bear fruit. [23] But di seed wey fall for betta groun,
na pesin wey hear and undastand God word. E kom bear fruit wey rish
hundred, sixty and thirty.' "

*Parabol About Grass*

[24] Jesus kon tell en disciples anoda parabol, "God Kingdom bi like wen
pesin plant good seed for en land. [25] But for nite wen evribody dey sleep,
di enemy kon go plant grass join dem. [26] Wen di seeds grow kon dey bear
fruit, di grass grow too.

[27] "So di savants tell dia oga sey, 'Nor bi good seed wi plant for yor farm?
Na where di grass from kom?'

[28] "Di oga ansa, 'Na enemy plant dem.'

"So en savants sey, 'Yu wont make wi go rut dem komot?'

[29] "But di oga tell dem, 'No, if una go rut di grass komot, una fit make
mistake rut some for di good seeds too. [30] Make di good seeds and di grass
grow togeda until harvest. Dat time, I go tell di pipol wey dey harvest sey,
"Make una first rut all di grass, tie and burn dem, den gada di good seeds
put inside my store." ' "

*Mustard Seed Parabol*

[31] Jesus kon tell dem anoda parabol: "God Kingdom bi like mustard seed
wey one man plant for en farm. [32] Na di seed small pass but wen e grow,
na di plant big pass oda plants for di farm and difren-difren birds kon
build dia house for en branches."

*Parabol About Di Yist*

[33] Jesus still tell dem anoda parabol: "God Kingdom bi like yist wey one
woman take bake bread. E mix am with plenty flower and di small yist
kon make di bread raiz well-well."

*Why Jesus Use Parabol*

[34] Jesus tok all dis tins for parabol to di pipol. Evritin wey e tell dem, na
parabol e use. [35] E do am so dat wetin di profet tok, go happen:

"I go open my mout tok parabol,
I go tok evritin wey bi sekret since God kreate dis world."

*Jesus Esplain Di Parabol*

[36] Den Jesus kon leave di pipol enter inside house. En disciples kon tell
am, "Tell us wetin di grass parabol for farm mean."

[37] Jesus ansa dem, "Pesin wey plant good seed na God Pikin; [38] di farm na
di world and di good seed na di kingdom pipol. Di grass na devil shidren
[39] and di enemy wey plant dem, na di devil. Di harvest na di last days and
di harvest workers, na di angels for heaven.

[40] "Just as dem gada di grass burn dem for fire, na so e go bi for di last
day. [41] God Pikin go send en angels make dem go remove evritin inside
en Kingdom wey dey make pipol sin and break God law. [42] Dem go trow
dem inside fire wey nor dey kwensh, where dem go kry and grind dia tit.

43 Den, God pipol go shine like sun inside dia Papa Kingdom. Anybody wey
get ear, make e hear!

### *Parabol About God Kingdom*

44 “God Kingdom bi like gold wey dem beri for field. One pesin wey si
am, kon hide am. With happiness, e go sell evritin wey e get buy di land.
45 “Again, God Kingdom bi like trada wey dey look for betta gold to buy.
46 Wen e si one gold wey dear well-well, e kon go sell evritin wey e get buy
am. 47 Again, God Kingdom bi like net for sea wey katch difren-difren fish.
48 Wen di net full, dem drag am komot from di wota kon sidan bigin put
di good fish inside difren kontaina and trowey all di bad one. 49 Na so e go
bi for di day wen di world go end. Angels go kom separate evil pipol from
di good ones 50 and dem go trow evil pipol inside hell-fire, where dem go
kry and grind dia tit.”
51 Jesus ask dem, “Una undastand all dis tins?”
Dem kon ansa, “Yes.”
52 Den Jesus kom tell dem, “Anybody wey dey tisha di law and e bi
disciple for God Kingdom, go bi like pesin wey get house kon bring new
and old tins kom out from inside di house.”

### *Dem Rijet Jesus For Nazaret*

53 Wen Jesus tok di parabol finish, e kon komot for der. 54 Den e rish en
village kon bigin tish di pipol for dia sinagog. Dem sopraiz well-well kon
sey, “Where dis man from get dis kind sense and pawa wey e take dey
do mirakle sef?” 55 “Nor bi di karpenter pikin bi dis? Nor bi Mary bi en
mama? James, Josef, Simon and Judas, nor bi dia broda e bi? 56 Nor bi all
en sistas dey stay here with us so? Na from where e for get all dis pawa?”
57 So dem kon dey vex for am.
But Jesus tell dem, “Profet dey get respet for evriwhere, escept for en
own village and among en family.”
58 So Jesus nor do many mirakle for der, bikos dem nor bilive am.

## 14

### *How John Di Baptist Die*

1 Dat time, Herod wey dey rule hear about Jesus, 2 so e kon tell en savants,
“Dis na John di Baptist wey wake-up from deat! Naim make am get pawa
to do all dis mirakle.”
3 Before dis time, Herod don arrest John put for prison, bikos John dey
akuiz am sey, 4 “E marry Herodias wey bi en broda Filip wife.” 5 Herod
kon get mind to kill John, but e dey fear di pipol, bikos dem bilive sey, John
na profet.
6 So, for Herod birtday, Herodias dota dance well-well kon make Herod
happy. 7 Sotey Herod promise sey e go gi-am anytin wey e ask for. 8 Just
as en mama tell am, di girl kon sey, “Make yu give mi John di Baptist head
for tray.” 9 Di tin pain di king well-well, but as e don promise and bikos of
di pipol wey kom di party, e kon kommand make dem go kill John. 10 So e
send en sojas go kut John head for inside prison. 11 Dem bring di head for
tray kon give di girl and e karry am go give en mama. 12 Den, John disciples
kon karry en body go beri and dem kon go tell Jesus wetin happen.

### *Jesus Feed 5,000 Pipol*

13 Wen Jesus hear wetin happen, e komot der enter boat kon go where
pipol nor dey. But wen pipol from difren-difren town hear where e go,
dem kon follow am. 14 As e kom down from di boat, e si plenty pipol, so e
sorry for dem kon heal all di pipol wey nor well among dem.

15 Wen evening rish, en disciples kom meet am sey, "Dis place na
wildaness and day don dey dark. Make yu send dis pipol go find food
buy for demsef inside di village."

16 Jesus ansa, "Dem nor nid to go, make una find sometin give dem chop."

17 Dem kon tell am, "Na only five bread and two fish wi get for here."

18 Jesus ansa dem again, "Make una bring di bread and fish kom." 19 Den
e tell di pipol make dem sidan for di grass. E take di five bread and two
fish face heaven kon tank God. Afta e don tank God, e share di bread give
en disciples make dem give di pipol. 20 All of dem chop beleful and wen
dem gada di food wey remain, e rish twelf basket. 21 Di pipol wey chop na
about 5,000 men, even doh dem nor kount wimen and shidren join.

### *Jesus Waka On-top Wota*

22 Afta Jesus don send di pipol go dia house, e kon tell en disciples make
dem enter boat cross go di oda side. 23 Afta di pipol don go, Jesus kon klimb
go mountin go pray. E stay der go rish evening. 24 By dis time, di boat don
go far from land. Strong wave kom dey karry di boat up-and-down bikos
heavy breeze dey blow.

25 For early morning, Jesus kon dey waka go meet en disciples on-top
di wota. 26 Wen di disciples si am dey waka on-top wota, fear katch dem.
Dem kon dey shake dey shaut, "Na ghost o-o!"

27 But Jesus tell dem, "Make una heart strong! Na mi, make una nor
fear."

28 Naim Pita ansa, "Oga God, if na yu true-true, koll mi make I kom meet
yu for di wota."

29 So, Jesus tell am, "Make yu kom!"

Pita komot from di boat kon dey waka on-top di wota go meet Jesus.
30 But wen e si as di breeze strong rish, fear katch am and e kon bigin
sink. So e shaut, "Oga God, save mi o-o!"

31 At wons, Jesus stresh en hand katch am kon tell am, "Yor faith too
small. Why yu dey doubt mi?"

32 Wen di two of dem don enter di boat, di breeze kon stop. 33 Den di
oda disciples for di boat kon bow down for Jesus front woship am sey,
"True-true, yu bi God Pikin."

34 Wen dem don cross di river go di oda side, dem kon land for
Gennesaret. 35 Wen di pipol for der know sey na Jesus, dem send message
go all dia village, den dem kon bring all di pipol wey nor well kom meet
am, 36 dey beg am sey, "Make di pipol wey nor well tosh yor dress" and
all of dem wey tosh am, kon well.

## 15

### *Human being Tradishon*

1 Some Farisee pipol and law tishas kom meet Jesus for Jerusalem ask
am, 2 "Why yor disciples nor dey obey awa eldas tradishon? Dem nor dey
wosh dia hand before dem chop."

3 Jesus ansa dem, "Why una nor dey obey God kommandment, na bikos
una won keep una tradishon? 4 God sey, 'Respet yor papa and mama,
anybody wey curse en papa or mama, dem must kill-am.' 5 But una sey, 'If
anybody tell en papa or mama, "Wetin I won give yu before, I don gi-am
to God", 6 den e nor nid to respet en papa again.' Bikos of una tradishon,
una don make God word yeye. 7 Una wey dey pritend! True-true, na una
Profet Isaya tok about wen e sey,

8 " 'Dis pipol dey praiz mi with dia mout,
but dia heart dey far from mi
9 and di woship wey dem dey give mi,
dey yuzles, bikos dem dey tish tradishon wey human being get.' "

### *Wetin Dey Make Heart Dirty*

10 Den Jesus gada di pipol kon dey tish dem, "Make una listin so dat una
go undastand. 11 Nor bi wetin pesin chop dey make am dirty, but na wetin
e tok from en mout."

12 Den di disciples kon meet am sey, "Yu know sey Farisee pipol dey vex,
bikos of wetin yu tok?"

13 Jesus ansa, "Any plant wey my Papa for heaven nor plant, dem go rut
am trowey. 14 Make una leave dem! Dem bi blind pipol wey dey show
blind pipol road. If pesin wey blind dey show anoda blind pesin road, two
of dem go fall inside gutta."

15 But Pita tell Jesus, "Tell us wetin yu mean."

16 Jesus ansa, "Afta evritin wey I don tok so, una nor still undastand?
17 Una nor know sey anytin wey pesin chop enter belle, e go shit am kom
out? 18 But di tins wey dey kom out from pesin mout, dey kom from en
heart and na dis tins dey make di pesin dirty. 19 Na from pesin heart bad-
bad tins dey kom out and na dis tins dey make dem kill; sleep with who
dem nor marry; tif; lie and judge pesin for en back. 20 Na all dis tins dey
make pesin dirty, nor bi bikos pesin chop with en hand wey e nor wosh."

### *Kanaan Woman Faith*

21 Jesus komot der kon go Tyre and Sidon aria. 22 For der, one Kanaan
woman kry kom meet am sey, "Oga God, David Pikin, make yu sorry for
mi! My dota nor well, bikos demon dey trobol am!"

23 But Jesus nor tok. So en disciples kon beg am, "Drive dis woman komot
for here, bikos e dey disturb us."

24 Jesus kon tell di woman, "Na di sheep wey lost among Israel pipol,
naim God send mi kom find."

25 Di woman knee down for en front kon dey beg am sey, "Oga God,
make yu help mi!"

26 Jesus tell am, "E nor good to give dog di bread wey shidren suppose
to chop."

27 Den di woman ansa, "Yes Oga God. But di dog demsef dey chop di
small-small bread wey dey fall from dia oga tabol."

28 So Jesus tell am, "Madam, yor faith big well-well! Make wetin yu dey
find rish yor hand." Dat same time, di pikin kon well.

### *Jesus Heal Many Pipol*

29 Jesus komot from der go Galilee wotaside. Den e klimb one mountin
go sidan. 30 Many pipol karry pipol wey nor fit waka, blind, paralaiz, dumb

and odas wey get difren sickness kom en front and e heal all of dem. 31 Di
pipol kon sopraiz well-well wen dem si who nor fit tok, dey tok, who nor
fit waka, dey waka, who blind before, dey si naw and all of dem kon praiz
Israel pipol God.

### *Jesus Feed For Tazon Pipol*

32 Jesus koll en disciples kon tell dem, "I dey sorry for dis pipol bikos
dem don dey here with mi for three days and dem nor get anytin to chop.
I nor wont make dem go back with honga, so dat dem nor go faint for
road."
33 Di disciples ansa, "As dis pipol plenty so, where wi go fit get food wey
go rish dem chop for dis wildaness?"
34 Jesus ask dem, "How many bread una get?"
Dem ansa, "Na seven bread and some small-small fish."
35 So, Jesus tell di pipol make dem sidan for groun, 36 kon take di seven
bread and di fish. Afta e don tank God, e divide di bread and fish give en
disciples make dem share am for di pipol. 37 Di pipol chop beleful and di
food wey remain, full seven basket. 38 Di men wey chop na 4,000, even
doh dem nor kount wimen and shidren join dem. 39 Afta Jesus don send
di pipol go dia house, e kon enter boat go Magadan aria.

## 16

### *Pipol Ask For Sign*

1 Di Farisee and Sadusi pipol kom test Jesus. Dem ask am make e show
dem sign from heaven.
2 But Jesus tell dem, "Wen evening rish, una go sey, 'Di weda go good
bikos di sky red,' 3 and for morning, una go sey, 'Rain go fall bikos di sky
red and dark.' Una sabi use di sky know how weda go bi, but una nor fit
know di signs about di time wey God tok for en word. 4 Wiked and evil
pipol for dis time dey ask for sign, but dem nor go get any one, escept
Jonah sign." Den Jesus kon waka leave dem.

### *Di Farisee And Sadusi Pipol Yist*

5 Wen di disciples cross go di oda side, dem forget to take bread follow
body. 6 Jesus kon tell dem, "Make una guide unasef against di Farisee and
Sadusi pipol yist."
7 So dem kon dey tok among demsef sey, "Na bikos wi nor bring bread,
naim make am dey tok like dis."
8 Wen Jesus know wetin dem dey tok, e kon tell dem, "Una faith small o-
o! Wetin make una dey kworel with unasef sey una nor take bread follow
body? 9 So una neva still undastand? Una nor remember di five bread
wey I take feed 5,000 men and how many basket una gada afta dem don
chop finish? 10 Or di seven bread for di 4,000 men and how many basket
una gada afta dem don chop finish too? 11 Why una nor undastand sey I
nor dey tok to una about bread? But na make una for guide unasef against
wetin di Farisee and Sadusi pipol dey tish!" 12 Den di disciples kon know
sey nor bi bikos of bread make am dey warn dem, but na bikos of di tins
wey di Farisee and Sadusi pipol dey tish.

### *Pita Tok Who Jesus Bi*

13 Wen Jesus Christ rish Caesaria for Filippi aria, e kon ask en disciples,
"Na who pipol sey Man Pikin bi?"

14 Dem ansa, "Some pipol sey yu bi John di Baptist, odas sey yu bi Elijah
and some dey sey na Jeremaya or one oda profet naim yu bi."

15 Jesus kon ask dem, "Who una sey I bi?"

16 Simon Pita ansa, "Yu bi di Mezaya, God Pikin wey dey alive."

17 Den Jesus tell am, "God go bless yu, Simon, Jonah pikin, bikos na my
Papa for heaven show yu dis tin, nor bi human being. 18 And I tell yu, yu
bi Pita, wey mean rock and on-top dis rock, I go build my church and di
gate for hell nor go fit skata am. 19 I go give yu heaven key, so dat anytin
wey yor prayer tie for eart, dem go tie am for heaven and anytin wey yor
prayer luz for dis eart, dem go luz am for heaven." 20 Den Jesus kommand
en disciples make dem nor tell anybody sey, na-im bi di Mezaya.

### *Jesus Tok About En Deat And Resureshon*

21 From dat time go, Jesus kon dey tell en disciples sey, e go must enter
Jerusalem where di eldas, priest oga dem and di law tishas go sofa and
kill-am, but for di third day, e go wake-up.

22 So Pita take Jesus go one korna kon tell am, "Oga God! God forbid!
Dis kind tin nor go ever happen to yu!"

23 But Jesus turn face Pita kon sey, "Satan, komot for my front! Yu bi
stone wey block road, bikos yor mind nor dey for wetin God wont, but na
wetin man wont."

24 Den Jesus tell en disciples, "If anybody won follow mi, e must deny
ensef, karry en cross and follow mi. 25 Anybody wey won save en life, go
luz am, but anybody wey luz en life bikos of mi, go gain am. 26 Wetin pesin
go gain, if di whole world bi en own, but e luz en soul? Or wetin pesin
go fit give take pay for en soul? 27 God Pikin and en angels go kom inside
en Papa glory, den e go reward evribody akordin to dia work. 28 I tell una
true word, some of una dey here wey nor go die, before God Pikin go kom
back with en kingdom."

## 17

### *Jesus Body Shange*

1 Afta six days, Jesus take Pita, James and John (wey bi James broda), go
on-top one high mountin. 2 Jesus body kon shange. En face kon dey shine
like sun and en dress kon white. 3 At wons Moses and Elijah kon appear
dey tok to Jesus.

4 So Pita kon tell Jesus, "Oga God, e good make wi stay here. If yu like, I
go build three tent: one for yu, one for Moses and one for Elijah."

5 As e still dey tok, one brite kloud kon kover dem and one vois kon sey,
"Dis na my Pikin wey I love. Make una listin to am!"

6 Wen di disciples hear di vois, dem fear kon fall face groun. 7 But Jesus
tosh dem kon sey, "Stand up! Make una nor fear." 8 Wen dem look up, di
only pesin wey dem si, na Jesus.

9 As dem dey kom down from di mountin, Jesus warn dem sey, "Make
una nor tell anybody dis vishon wey una si until God go wake Man Pikin
from deat."

10 Di disciples ask am, "Why di law tishas dey tish sey na Elijah go first
kom?"

11 Jesus ansa, "Na true sey Elijah go first kom and e go ripair evritin.
12 And I tell una sey, dat Elijah don kom, but pipol nor know am, instead
dem do am as dem like. Na so too, God Pikin go sofa for dia hand." 13 Den
di disciples kon know sey e dey tell dem about John di Baptist.

### *Di Disciples Nor Fit Heal Pipol*

14 Wen Jesus and en disciples meet di pipol, one man kon knee down
for Jesus front 15 beg am sey, "Oga God, make yu sorry for my son, bikos
e nor well and many times, di sickness dey sofa and trow am inside fire
and wota. 16 I bring am kom meet yor disciples, but dem nor fit heal am."
17 Jesus kon ansa, "Una wey nor get faith and wey nor know wetin to
do! How long I go dey with una? How long I go bear with una? Make una
bring di boy kom here." 18 Den Jesus kommand di demon komot from di
boy body and at wons, di boy kon well.
19 Wen only di disciples dey with Jesus, dem kon ask am, "Why wi nor
fit drive di demon komot from di boy body?"
20 Jesus ansa dem, "Na bikos una faith too small and I tell una true word,
'If una get faith wey small like mustard seed, una go tell dis mountin,
"Make yu move from here go yonda" and e go move and nor-tin go hard
una to do.' 21 Dis kind demon nor go gri komot from pesin body escept na
with fasting and prayer."

### *Jesus Tok About En Deat And Resureshon Again*

22 Wen dem enter Galilee, Jesus kon tell dem, "Somebody go sell Man
Pikin give wiked pipol. 23 Dem go kill-am and for di third day, God go
wake am up." But di disciples nor happy, bikos of wetin Jesus tok.

### *Di Temple*

24 Wen Jesus and en disciples rish Kapanaum, di pipol wey dey kollect
tax for di temple kom meet Pita, ask am sey, "Yor oga dey pay Temple tax?"
25 Pita ansa, "Yes."
As Pita enter di house, Jesus kon ask am, "Wetin yu tink, Simon? Who
dey pay tax give kings for dis world? Na pipol for di kountry or strenjas?"
26 Pita ansa, "Na strenjas dey pay tax."
So Jesus kon tell am, "Den dia own kountry pipol dey free, 27 but make
dem nor for kause trobol, make yu go trow hook for river. Di first fish wey
yu go katch, wen yu open en mout, yu go si money for inside, den make
yu take di money pay di tax for mi and una."

## 18

### *Who Big Pass For God Kingdom*

1 Dat time, di disciples kon ask Jesus, "Na who big pass for God
Kingdom?"
2 Jesus kon koll one pikin stand for dia front, 3 den e ansa, "I tell una true
word, unless una bi like small pikin, una nor go fit enter God Kingdom!
4 Anybody wey bring ensef down like dis small pikin, naim big pass for
God Kingdom.
5 "Anybody wey welkom one pikin like dis one for my name, welkom mi.
6 But if pesin make one of dis small shidren wey bilive mi kommit sin, e
betta make dem tie grindin stone for en neck, make e for sink inside river.

7 "Wahala dey for dis world, bikos of di sin wey pipol dey kommit! Na
true sey trobol must kom, but e go bad for di pesin wey go kause di trobol.
8 If yor hand or leg dey make yu sin, make yu kut am trowey. E betta make
yu enter God Kingdom without hand or leg, dan sey God trow yu inside
fire wey nor dey kwensh. 9 If yor eye dey make yu sin, make yu pul am
trowey. E betta make yu enter God Kingdom with one eye, down sey God
trow yu enter hell-fire with two eyes."

### *Sheep Wey Lost*

10 "Make sure sey una nor porshu any of dis small shidren komot. I tell
una di trut, dia angels dey my Papa front for heaven evritime. 11 Bikos
Man Pikin kon save pipol wey lost.
12 "Wetin yu tink? If pesin get hundred sheep and one waka lost, e nor
go leave di ninty-nine for di bush go find di one wey lost? 13 I tell una true
word, wen e si am, e go happy for dat one pass di ninty-nine wey nor lost.
14 Na like dis too yor Papa for heaven nor wont make any of en shidren
lost."

### *Christian Brodas And Sistas*

15 "If yor broda do yu bad, make yu go tell am wetin e do. If e asept
wetin yu tell am, yu don win yor broda back bi dat. 16 But if e nor asept
wetin yu tok, take one or two pipol follow body go meet am, bikos matter
wey two or three pipol tok put, naim betta pass. 17 If e nor asept wetin dem
tok, make yu tell di church leaders. If e nor gri listin to wetin di church
leaders tok, den make una trit am like sina or tax kollector.
18 "I tell una true word, anytin wey una take prayer tie for eart, God go
tie am for heaven and anytin wey una take prayer luz for eart, God go luz
am for heaven.
19 "Again, I tell una true word, if two of una for dis world gri and pray
for anytin, my Papa for heaven go do am for una. 20 Anywhere two or
three pipol gada for my name, I go dey der with dem."

### *How To Take Forgive*

21 Den Pita kon ask Jesus, "Oga God, how many times I go forgive my
broda wey do mi bad? Na seven times?"
22 Jesus ansa am, "Nor bi only seven times I tell yu, but na four hundred
and ninty times!"

### *Di Savant Wey Nor Agri Forgive*

23 "God Kingdom bi like wen one king wey won know how en savants
dey manage en business. 24 As di king dey shek di akkount, dem kon bring
one savant wey dey whole 10,000 koins kom. 25 Bikos e nor fit pay wetin
e whole, di king kon orda make dem sell di man, en wife, en shidren and
evritin wey e get, take pay di debt.
26 "So, di savant fall for di king front dey beg, 'Oga God, make yu dey
patient with mi, I go pay yu evritin.' 27 Di king sorry for di savant kon
release am sey make e nor pay again.
28 "Afta, di same savant kon si anoda savant wey dey hold am hundred
silva koins. E seize am for troat nearly kill-am kon tell am, 'Make yu pay
mi my money.'
29 "Di savant wey e seize for troat kon fall for groun dey beg am, 'Make
yu dey patient with mi, I go pay yu yor money.'

[30] "But e nor gri. Instead e karry am go put for prison, until e go pay
wetin e whole. [31] Wen di oda savants si wetin happen, dem nor happy
at-all, so dem kon go tell di king evritin wey happen.

[32] "So di king koll di first savant kon tell am, 'Yu wiked savant! I forgive
yu di big debt wey yu whole mi, bikos yu beg! [33] Wetin make yu nor sorry
for anoda savant like yu, just as I sorry for yu?' [34] With vexnashon, di king
kon give di savant to soja make dem sofa am well-well, until e pay evritin
wey e dey whole.

[35] "So, na like dis too my Papa for heaven go do una, if una nor forgive
una brodas from una heart."

# 19

## *Divorce*

[1] Wen Jesus tok finish, e kon komot from Galilee go Judea aria for di oda
side for Jordan River. [2] Plenty pipol follow am and e heal all of dem.

[3] Some Farisee pipol kom test and ask am sey, "E dey rite for man to
drive en wife at-all?"

[4] Jesus ansa, "Yu neva read am from di biginnin sey na man and woman
God make [5] and bikos of dat, 'Man go leave en papa and mama go join en
wife and di two of dem go kon bi one?' [6] Dem nor bi two again, but one.
So, wetin God don join togeda, make nobody skata am."

[7] Di Farisee pipol ask am again, "Wetin make Moses sey make wi drive
awa wife?"

[8] Jesus ansa, "Moses sey make una drive una wife, bikos una heart dey
wiked, but nor bi so God plan am from biginnin. [9] Naw I tell una, anybody
wey drive en wife, wey nor bi sey e sleep with anoda man, but kon marry
anoda woman, don kommit adultery."

[10] Di disciples kon tell Jesus, "If na so husband and wife matter bi, e
betta make pesin nor marry at-all?"

[11] Jesus ansa dem, "Nor bi evribody go fit asept dis word, but na only di
pipol wey God give di pawa. [12] Many men nor fit sleep with woman, bikos
na so dem born dem, some na human being do dem like dat, but odas na
bikos of God Kingdom. Anybody wey fit asept wetin I tok, make e take am
like dat."

## *Jesus And Small Shidren*

[13] Some pipol bring shidren kon meet Jesus make e put hand for dia
head pray for dem. But di disciples kon bigin kworel with di pipol wey
bring di shidren.

[14] But Jesus tell di disciples, "Make una leave di small shidren make dem
kom meet mi, nor stop dem, bikos na dem get God Kingdom." [15] So e put
en hand for dia head, bless dem, den e waka komot der.

## *Di Yong Man Wey Get Money*

[16] One man kom meet Jesus, ask am, "Tisha, wish good tin I go do make
I for fit enter God Kingdom?"

[17] Jesus ansa am, "Why yu dey ask mi about wetin good? Na only God
good. So if yu wont enter heaven, make yu keep God kommandments."

[18] Di man kon ask, "Wish one for di kommandment?"

Jesus ansa, “Make yu nor kill, nor sleep with pesin wey nor bi yor wife,
nor tif, nor tok wetin yor eye nor si, [19] respet yor papa and mama and
make yu love yor neighbour as yu love yorsef.”
[20] Di yong man ansa, “I dey obey all dis law with my heart. Wetin still
remain wey I go do?”
[21] Jesus tell am, “If yu won dey pafet, go sell evritin wey yu get, den give
di money to poor pipol and yu go get betta tins for heaven. Wen yu don
do wetin I tok, den make yu kom follow mi.”
[22] Wen di yong man hear wetin Jesus tok, e vex waka komot, bikos e get
money well-well.
[23] Den Jesus tell en disciples, “I tell una true word, e go hard for pesin
wey get money well-well to enter God Kingdom! [24] Again, I dey tok sey, e
go eazy for kamel to pass thru nidol whole, dan for pesin wey get money
well-well to enter God Kingdom.”
[25] Di disciples sopraiz wen dem hear dis tins and dem kon ask, “Den who
go fit dey save?”
[26] Jesus look dem kon ansa, “E nor possibol for human being, but evritin
dey possibol with God.”
[27] Den Pita kon tell Jesus, “Look, wi don leave evritin wey wi get kon
follow yu! Wetin dey for us naw?”
[28] Jesus ansa am, “I tell yu true word, for dat time wen evritin go dey
new, Man Pikin go sidan for en throne wey get glory and una wey dey
follow mi, go sidan for twelf thrones, dey judge di twelf tribes wey dey
Israel. [29] And anybody wey leave en house, brodas, sistas, papa or mama
and land bikos of mi, go get am back hundred times and e go get life wey
nor dey end. [30] So many pipol wey bi first naw, go bi last and doz wey bi
last, go bi first.”

# 20

*Workers For God Farm*

[1] “God Kingdom bi like wen pesin komot for early morning go hire pipol
wey go work for en farm. [2] Afta en and di workers don gri how mush dem
go get for dia work, e kon send dem go work for en farm.
[3] “Wen nine oklok rish for morning, e kon si pipol wey nor get work
stand for market. [4] E kon tell dem, ‘Make una go work for my farm, I go
pay una well.’ [5] So dem kon go. Wen e go out around twelf and three oklok
for aftanoon, e still tell oda pipol make dem go work for di farm. [6] Wen
five oklok for evening don nearly rish, e si some pipol wey nor get work
and e ask dem, ‘Why una nor dey work and today don nearly finish?’
[7] “Dem ansa am, ‘Na bikos nobody hire us.’
“E kon tell dem, ‘Make una enter my farm go work.’
[8] “Wen evening rish, di pesin wey get di farm kon tell en managa, ‘Koll
di workers make yu pay dem, start from di last pipol wey I hire.
[9] “Pipol wey dem hire for five oklok, kollect full day salari. [10] And wen
di pipol wey dem first hire waka kom, dem tink sey di oga go pay dem
pass like dat. But dem get di same amount. [11] Wen di first pipol kollect dia
money, dem bigin komplain to di farm owner, [12] ‘Dis last pipol work for
only one hour and wi work for di whole day inside hot sun, but yu pay all
of us di same amount.’

13 “Di farm owner ansa one of dem, ‘My friend, I nor do yu bad. Nor bi
wetin wi gri, dem pay yu?’ 14 ‘Make yu take yor money dey go. I like give
dis last pipol di same amount wey I give yu. 15 Abi I nor fit use wetin bi
my own as I like? Or yu dey jealous bikos I dey do good tin?’
16 “So, di pesin wey bi last, go bi first and di first, go bi last.”

### *Jesus Tok About En Deat again*

17 As Jesus dey go Jerusalem, e take en twelf disciples go one korna kon
tok to dem. 18 “Make una look, wi dey go Jerusalem and dem go sell Man
Pikin give di priest oga dem and di law tishas. Dem go sey make dem
kill-am 19 and dem go gi-am to Gentile pipol make dem laf and flog am
well-well, den dem go nail am for cross. But for di third day, God go wake
am up.”

### *Wetin James and John Ask For*

20 Den Zebedee wife with en shidren, James and John kom meet Jesus.
Dia mama kon knee down dey beg Jesus.
21 Jesus kon ask am, “Wetin yu wont?”
Di woman ansa, “Make yu allow dis my two boys sidan for yor kingdom,
one for yor rite side and di oda for yor left.”
22 Jesus ask dem again, “Una know wetin una dey ask for so? Una go fit
drink from di cup wey I won drink from?”
Dem ansa, “Yes! Wi go fit.”
23 Jesus kon tell dem, “Na true sey una go fit drink from my cup, but e
nor dey my hand to choose who go sidan for my rite and left, but na for
doz wey my Papa choose.”
24 So wen di oda ten disciples hear dis matter, dem kon dey vex with di
two brodas. 25 But Jesus koll and tell dem, “Una know sey Gentile pipol
oga and pipol for big pozishon dey kontrol and opress dia pipol. 26 Make
e nor bi like dat among una! Instead, anybody wey won bi oga among
una, must serve di rest pipol 27 and anybody wey wont bi first among una,
must bi savant to di odas, 28 just as Man Pikin nor kom make pipol serve
am, but make e for serve and give en life to save many pipol.”

### *Blind Men Bigin Si*

29 As Jesus and en disciples dey komot from Jeriko, many pipol kon dey
follow dem. 30 Two men wey blind sidan for di road korna. Wen dem hear
sey Jesus dey pass, dem kon bigin shaut, “David Pikin, make yu sorry for
us!”
31 Pipol kon dey shaut for dem make dem kwayet. But dem kon dey
shaut more-more, “David Pikin, make yu sorry for us.”
32 Jesus kon stop, koll and ask dem, “Wetin una wont make I do for una?”
33 Dem ansa, “Oga God, make awa eye open again.”
34 Jesus sorry for dem, so e tosh dia eye. At wons, dem bigin si and dem
kon follow Jesus.

## 21

### *Jesus Enter Jerusalem As King*

1 As Jesus and en disciples near Jerusalem, dem kom rish Betpage for
Mount Olives, so Jesus send two disciples 2 kon tell dem, “Make una go di
village wey dey una front. Una go si one donkey and en pikin wey dem

tie for der. Make una luz and bring dem kom meet mi. 3 If anybody ask,
'Why una dey luz di donkey dem?' Make una ansa, 'Di oga nid dem and e
go bring dem kom back naw-naw.' "

4 Dis tin happen so dat wetin di profet tok, go bi true:

5 "Tell Zion pipol,
'Si! Una king dey kom meet una,
e honbol ensef
kon sidan on-top donkey.' "

6 Di disciples kon go do as Jesus tell dem. 7 Dem bring di donkey kon
put dia klot make Jesus for sidan on-top. 8 Many pipol spread dia klot for
road. Odas kut palm leaf kon spread dem for road too. 9 Pipol wey dey go
for Jesus front and dem wey dey follow am for back kon dey shaut,
"Praiz David Pikin!
Di pesin wey kom with God name, God go bless am!
Make wi praiz God wey dey heaven!"

10 As Jesus enter Jerusalem, di town skata and pipol kon dey ask, "Who bi dis?"

11 Pipol wey dey follow Jesus kon sey, "Dis na Jesus, di profet from Nazaret wey dey Galilee."

### *Jesus Klean Di Temple*

12 Den Jesus enter di temple aria kon drive all di pipol wey dey buy
and sell inside di temple, e skata di tabol and chair wey di pipol dey take
shange money and sell dove. 13 Jesus kon tell dem, "God word sey, 'Dem
go koll my house, "Prayer House" ', but una don turn am to where tif dey hide put!"

14 Jesus heal pipol wey blind and doz wey nor fit waka inside di temple
yard. 15 But wen di priest oga dem and di law tishas si di wonderful tins
wey Jesus dey do and hear shidren dey shaut, "Praiz, David Pikin" for inside di temple, dem kon dey vex.

16 So di priest oga dem and di tishas kon ask Jesus, "Yu dey hear wetin dem dey tok?"

Jesus ansa dem, "Yes! Una neva read sey,
" 'Na shidren and small pikin wey dey suck breast
go praiz God?' "

17 Jesus kon leave dem go Betany kon stay der till day break.

### *Jesus Curse Di Fig Tree*

18 For early morning, as Jesus dey go back to di town, e kon dey hongry.
19 E si one fig tree for road kon waka go where e dey, but e nor si anytin
plok, bikos na only leaf di tree get. So e kon tell di tree, "Yu nor go ever
bear fruit again!" At wons, di fig tree kon bigin die.

20 Wen di disciples si wetin happen, dem sopraiz kon sey, "Wetin make dis fig tree kwik die like dis?"

21 Jesus ansa dem, "I tell una true word, if una get faith and una nor dey
doubt, una nor go only do wetin happen to dis fig tree, but if una tell dis
mountin, 'Make yu move go inside di sea, e go-go.' 22 If una bilive, una go
get anytin wey una ask for, wen una pray."

### *Jesus Pawa*

23 Afta Jesus enter di temple, di priest oga dem and di eldas kon ask am wen e dey tish sey, "Na wish pawa yu take dey do all dis tins and who give yu di pawa?"
24 Jesus ansa dem, "I won ask una one kweshon. If una ansa mi, den
misef go tell una wish pawa I take dey do dis tins. 25 Where John baptizim
from kom? Na from heaven or pipol?"

Dem kon dey tok about di matter among demsef sey, "If wi sey, 'Na from
heaven,' E go sey, 'Den why una nor bilive am?' 26 But if wi sey, 'Na from
pipol,' wi dey fear di pipol, bikos dem bilive sey na profet John bi."
27 So dem ansa Jesus, "Wi nor know."

Jesus kon tell dem, "Misef nor go tell una wish pawa I take dey do all dis tins."

### *Two Pikin Parabol*

28 "Wetin una tink? One man get two boys. E tell one, 'My pikin, go work for my farm today.'
29 "Di boy ansa, 'I nor go-go.' But afta, e shange en mind kon go.
30 "Di papa kon tell di oda boy di same tin. Dis one kon ansa, 'I go-go sir,' but e nor go.
31 "Wish of di two shidren do wetin dia papa wont?"

Dem ansa, "Na di first one."

Jesus kon tell dem, "I tell una true word, tax kollectors and ashawo dem
go first una enter God Kingdom! 32 John di Baptist kom show una di true
road and una nor bilive am. But tax kollectors and ashawo dem bilive am. Even wen una si all dis tins wey I do, una still nor shange una mind kon bilive God."

### *Tenants Parabol*

33 "Make una hear anoda parabol: One man plant vine for en farm, fence am round, dig pit where dem go for press di fruit wey dem go take make wine and build where sekurity go stay. Den e rent di farm give farmers
kon travel go far place. 34 Wen harvest time rish, e send en savants go
meet di farmers make dem gi-am en own share.
35 "But di farmers seize di savants, beat one, kill one and stone di oda
one. 36 Den di man kon send some oda savants wey plenty pass di first
ones go meet di farmers and dem do di same tin to dem. 37 At last, e send
en own pikin go, dey tink sey, 'May bi dem go respet my pikin.'
38 "But wen di farmers si di boy, dem kon tell each oda, 'Di landlord pikin wey go inherit en papa propaty afta e don die, na-im dey kom so.
Make wi kill-am and kollect wetin go bi en own.' 39 So dem seize am, trow
am komot from di farm kon kill-am.
40 "Wen di man wey get di farm go kom, 'Wetin una tink sey e go do doz farmers?' "
41 Dem ansa Jesus, "E go distroy doz evil pipol! Den e go hire di farm give oda farmers wey go gi-am wetin bi en own, wen harvest time rish."
42 Jesus kon tell dem, "Una neva read God word wey sey:

" 'Di stone wey di builders rijet
 don bikom di pila?
Dis na God work
 and e dey wonderful for awa eye.'

43 "Na dis make mi tell una sey, 'Dem go take God Kingdom from una
and dem go gi-am to pipol wey go bear di kind fruit wey E wont.' 44 Di

pesin wey fall for dis stone go skata and di pesin wey dis stone go fall
on-top, go grind to powder.
45 “Wen di priest oga dem and di Farisee pipol hear Jesus parabols, dem
kon know sey e dey tok about dem. 46 So dem kon dey try to arrest Jesus,
but dem dey fear, bikos di pipol bilive sey na profet e bi.”

# 22

### *Di Marriage Feast*

1 Jesus kon tok to dem again for parabol sey: 2 “God Kingdom bi like
wen one king do marriage for en son. 3 E send en savant go koll di pipol
wey dem invite kom di party, but dem nor gri kom.
4 “Den e send oda savants sey, ‘Make una go tell di pipol wey wi invite
sey, “Si! Di party go soon start. I don kill big melu and oda animals and
evritin don ready, so make una kom for di marriage.” ’
5 “But di pipol nor gri listin to wetin di savants tok, instead one go en
farm and di oda kon go do en business. 6 Di oda one seize di savants, beat
dem anyhow and kill some. 7 Di king vex well-well kon send en sojas make
dem go kill di pipol wey kill en savants and make dem burn evritin for
dia town.
8 “Den e kon tell en savants. ‘Di marriage don start,’ di pipol wey I invite
before, nor bi di pipol wey suppose kom. 9 So make una go di strits and
invite evribody wey una si kom di party. 10 So di savants go di strits kon
gada all di pipol wey dem si, both bad and good, kom di marriage and di
hall kon full.
11 “Wen di king si di pipol wey kom di party, e kon si one man wey nor
wear marriage klot. 12 So di king ask am, ‘My friend, how yu take enter
here wen yu nor wear marriage klot?’ But di man nor fit ansa am.
13 “Den di king tell en savants, ‘Make una tie en hand and leg trow am
outside for darkness, where e go kry and grind en tit.’
14 “Na only few pipol God choose from di many wey e koll.”

### *To Pay Tax Give Caesar*

15 Den di Farisee pipol komot go plan how dem go take katch Jesus with
wetin e go tok. 16 So dem kon send dia disciples, with some pipol wey
dey support Herod, go meet Jesus sey, “Tisha, wi know sey yu dey tok trut
well-well and yu dey tish wetin God wont. Yu nor dey favor anybody,
bikos yu nor dey play wayo. 17 Wetin yu tink? E good make wi pay tax
give Caesar?”
18 But Jesus know dia wiked plan, so e kon tell dem, “Una wey dey
pritend! Why una one set trap for mi? 19 Make una show mi di money
wey una dey take pay tax.” So dem bring di money kom. 20 Jesus ask dem,
“Wish pesin face and name dem stamp put for di money?”
21 Dem ansa, “Na Caesar own.”
Jesus kon tell dem, “Den, make una give Caesar wetin bi Caesar own and
give God, wetin bi God own.”
22 So wen dem hear wetin e tok, dem kon waka leave am.

### *Marriage And Resureshon*

23 For di same day, di Sadusi pipol (wey bilive sey resureshon nor dey),
kom meet and ask Jesus, 24 “Tisha, Moses tok sey, ‘If man wey nor get pikin

die, en broda must marry en wife, so dat e go fit born pikin for en broda
wey don die.' 25 Yu si, e get seven brodas wey dey stay here with us. Di
first one marry, leta e kon die, since e nor get pikin, en broda kon marry
en wife. 26 Di same tin happen to di sekond broda and di third one, go rish
di nomba seven. 27 At last, di woman kon die too. 28 Wen pipol wey don
die go kom back to life, wish pesin wife di woman go bi out of di seven
brodas wey marry am?"

29 Jesus ansa dem, "Una dey make mistake, bikos una nor know God
word and en pawa. 30 For resureshon day, pipol nor dey marry or
give woman out for marriage, bikos dem go bi like angel for heaven.
31 Koncerning weda pesin wey don die go kom back to life, una neva read
wetin God tell una? 32 God sey, 'I bi Abraham, Isaak and Jakob God. I nor
bi God for pipol wey don die, but I bi God for pipol wey dey alive!' "

33 Wen di pipol hear as Jesus dey tok, dem sopraiz for wetin e dey tish.

### *Di Kommandment Wey Big Pass*

34 Wen di Farisee pipol hear sey Jesus don make di Sadusi pipol kwayet,
dem kon gada. 35 One of dem wey bi law tish kon ask Jesus one kweshon
to take try am.

36 "Tisha, wish kommandment big pass?" 37 Jesus ansa, "Make pesin
love God with all en heart, with all en soul and with all en mind. 38 Na
dis bi di first kommandment and naim big pass. 39 Di sekond one bi like
di first one: 'Make pesin love en neighbour as e love ensef.' 40 Na dis two
kommandments, Moses Law and wetin di profets tish, dey follow."

### *Di Mezaya: David Pikin And God*

41 As di Farisee pipol gada, Jesus kon ask dem one kweshon. 42 "Wetin
una tink about Christ, wey bi di Mezaya? Wish pesin pikin e bi?"

Dem kon ansa, "Na David Pikin."

43 Jesus ask dem again, "Den, how kom David koll am, 'Oga God', thru
God Spirit, wen e sey,

44 "Di OGA tell my Oga God sey,
'Sidan for my rite hand,
until I go put all yor enemies
under yor leg.'

45 If David koll am, 'Oga God,' den, how e kom take bi David pikin?" 46 So
nobody fit ansa Jesus and from dat day go, nobody try to ask am kweshon
again.

## 23

### *Seven Trobol*

1 Jesus kon tell di pipol and en disciples sey, 2 "Na di law tishas and
Farisee pipol dey tok wetin Moses Law mean. 3 So make una listin and do
wetin dem dey tell una. But nor do wetin dem dey do, bikos dem nor dey
do wetin dem dey tish. 4 Dem dey put heavy load for pipol shoulder and
dem nor ready to help dem.

5 "All wetin dem dey do, na make pipol for si dem. Dem dey tie tins wey
dem rite God word put for dia fore head and hand, so dat pipol go si dem.
6 Dem like betta place for party and betta chair for inside sinagog. 7 Dem
like make pipol dey greet dem with respet for market and make pipol dey
koll dem, 'Tisha.'

8 "Nor let anybody koll yu 'Tisha,' bikos na only one tisha una get and
all of una na brodas. 9 Make una nor koll anybody for dis world 'Papa',
bikos na only one real Papa una get and e dey for heaven. 10 Make yu nor
let pipol koll yu 'Leader', bikos na only one leader una get and na-im bi
Christ. 11 Di pesin wey big pass among una, go bi una savant. 12 Anybody
wey dey karry body up, God go bring am down and anybody wey nor dey
karry body up, God go raiz am up.
13 "But e go bad for una wey dey tish di law and una Farisee pipol,
una wey dey pritend! Una klose door make pipol nor for fit enter God
Kingdom! Unasef nor won enter and una nor won make odas enter. 14 E
go bad for una wey dey tish di law and una Farisee pipol, una wey dey
pritend! Una dey use long prayer shit wimen wey dia husband don die,
bikos of dis, God go ponish una well-well."
15 "E go bad for una wey dey tish di law and una Farisee pipol, una wey
dey pritend! Una dey travel go evriwhere just to win one pesin kon meet
God and afta una don win am, una go kon make am bad well-well like
devil pikin, pass as una bi!
16 "E go bad for una, leaders wey blind, una sey, 'Anybody wey take di
temple swear, nor-tin go do am. But if e take di gold for Temple swear,
curse go dey for en head.' 17 Una bi fool wey blind! Wish one big pass, na
di gold or di temple wey make di gold holy? 18 Una dey tish sey, 'Anybody
wey take di altar swear, nor-tin go do am, but if pesin take wetin dey for di
altar swear, e must do wetin e tok.' 19 Una blind o-o! Wish one big pass, na
di gift or di altar wey make di gift holy? 20 So, anybody wey take di altar
swear, na both di altar and evritin wey dey inside, e take swear. 21 And
anybody wey take di temple swear, na both di temple and God wey dey
stay inside, e take swear. 22 Anybody wey take heaven swear, na both God
throne and di Pesin wey sidan put, e take swear.
23 "E go bad for una wey dey tish di law and una Farisee pipol, una wey
dey pritend! Una dey give one out of evry ten tins wey una get, but una nor
dey do di important tin wey di law tok, wey bi to give korrect judgement,
to trit pipol well and to do wetin dey good! Una suppose to dey do dis tins
join di oda one. 24 Una wey bi oga wey blind! Una dey remove fly from
una drink, but una dey swallow melu!
25 "E go bad for una wey dey tish di law and una Farisee pipol, una wey
dey pritend! Una dey wosh cup and plate body make dem for klean, but
bad belle and long-trot full inside una. 26 Una Farisee pipol wey blind!
Make una first wosh inside di cup, den di outside go klean too!
27 "E go bad for una wey dey tish di law and una Farisee pipol, una wey
dey pritend! Una bi like grave wey fine for outside, but di pesin body for
inside, don rotin. 28 Na so e bi with una too, for outside, una bi like good
pipol, but for inside, na wayo and sin full una life.
29 "E go bad for una wey dey tish di law and una Farisee pipol, una
wey dey pritend! Una build grave for di profet wey don die kon dekorate
koffin for pipol wey fear God. 30 And una sey, 'If to sey wi dey alive for awa
grand-grand papa time, wi nor for help dem wen dem dey kill di profets.'
31 So na una grand-grand papa dem kill di profets. 32 Make una go finish
di work wey una grand-grand papa dem start!
33 "Una bi snake! Wiked snake shidren! How una go take eskape hell?
34 I go send profets, wise pipol and law tishas kom meet una and una go

kill and nail some for cross, flog some inside una sinagog, den porshu di
odas from one town go anoda. 35 So all God pipol blood wey una kill for
dis world, go dey una head. From Abel blood go rish Zekaraya wey bi
Barakaya pikin, wey una kill for inside di temple. 36 I tell una true word,
pipol for dis generashon go sofa di ponishment for dis tins wey una do!"

### *God Go Judge Israel*

37 "O! Jerusalem pipol, O! Jerusalem pipol! Una wey kill di profets and
stone di pipol wey God send kom meet una! I don dey try to gada una
shidren as fawol dey gada en shidren under am, but una nor let mi do
am. 38 Si, from today go, una go skata and una house go empty. 39 Make
una know sey, una nor go si mi again until una go sey, 'Make God bless di
pesin wey kom with God name!' "

# 24

### *Dem Distroy Di Temple*

1 As Jesus dey komot from di temple, en disciples kon show am how di
temple building bi. 2 Jesus kon tell dem, "Una dey si all dis tins? I tell una
true word, wen di time rish, one block nor go dey on-top anoda one, bikos
di building go skata finish!"

### *Sign For End Time*

3 As Jesus sidan for Mount Olives, en disciples kom meet am for korna
ask am, "Make yu tell us wen dis tins go happen? How wi go take know
sey di time wen yu go kom, don rish?"
4 Jesus ansa dem, "Make una shine una eye, so dat nobody go fit deceive
una. 5 Many pipol go kom with my name dey sey, 'I bi Christ wey bi di
Mezaya' and dem go deceive many pipol. 6 Una go dey hear rumor sey war
dey happen for difren place. Make una nor fear, bikos e must happen, but
di time wey I go kom, neva rish. 7 One kountry go fight with anoda kountry
and one kingdom go fight with anoda kingdom. Honga go dey evriwhere
and eartkweke go happen for difren place. 8 Wen dis tins go dey happen,
e go bi like wen belle dey pain woman wey won born."

### *Di Disciples Go Sofa*

9 "Dem go karry una wey bi my disciples give pipol wey go sofa and
kill una. Bikos of mi, pipol for difren town wey nor know God, go hate
una. 10 Many pipol nor go gri follow mi again and dem go dey lie and hate
each oda. 11 Many wayo profets go kom and dem go deceive many pipol.
12 Bikos pipol nor go obey God law, di love wey many pipol get for God,
nor go strong again. 13 But God go save di pesin wey go bear go rish end.
14 Before di world go end, my pipol go prish about God Kingdom go rish
evriwhere."

### *Bad Tins Go Happen*

15 "As Profet Daniel tok, 'Bad tins go happen for di Holy Place, inside di
temple' (Anybody wey hear dis word, make e undastand wetin e mean).
16 Pipol for Judea go run go on-top mountin. 17 Pesin wey dey on-top roof,
make e nor kom down kon take anytin from en house 18 and pesin wey
dey farm, make e nor go back to en house go take en klot. 19 For dis time,
e go hard well-well for wimen wey get belle and doz wey get small pikin
for hand. 20 Make una pray sey, e nor go bi for Sabat Day or Rainin Sizin

naim all dis tins go happen, 21 bikos for dat time, di sofa wey go dey, go
strong pass any sofa wey don happen since wen God kreate di world kom
rish naw and dis kind sofa, nor go dey again. 22 And if God nor reduce di
days wen dis tins go happen, evribody go die finish. But bikos of di pipol
wey God choose, e go reduce di days. 23 So if anybody kon tell una sey,
'Look o-o, Christ dey here or e dey der!' Make una nor bilive am. 24 Lie-lie
messiahs and profets go kom do big-big mirakles take deceive pipol. If e
possibol sef, dem go deceive pipol wey God choose. 25 Make una remember
wetin I dey tell una so, before dem go happen.
26 "So if anybody tell una sey, 'Look, Christ dey inside bush,' make una
nor go, or 'Look, e dey inside house,' make una nor bilive. 27 Just as tonda
lite dey kom from east go west, na so e go bi wen Man Pikin go kom.
28 Bikos na where dead body dey, na der vultures dey gada put."

### *Man Pikin Go Kom*

29 "Afta di wahala wey go happen for dat time,
"Di sun go kon dark
  and di moon nor go shine;
stars go fall from heaven
  and heaven go dey shake.
30 "Den Man Pikin sign go appear for heaven and all di tribes for dis
world, go kry. Dem go si God Pikin dey kom from inside di kloud for
heaven with pawa and betta glory. 31 God go send en angels go blow loud
trumpet and dem go gada di pipol wey E choose from evriwhere for di
world."

### *Fig Tree Parabol*

32 "Make una hear di fig tree parabol: Anytime en branches dey bring
leaf kom out, pipol go know sey dry sizin don near. 33 So wen una si all
dis tins dey happen, make una know sey di time don rish and e dey near
una door-mot. 34 I tell una true word, di pipol wey dey di world for dis
time, nor go die finish before all dis tins go happen. 35 Heaven and eart
go vanish, but my word go still dey.

### *Make Yu Ready!*

36 "Nobody know dat day or di time, even di angels for heaven nor know
am, escept my Papa. 37 Just like e happen for Noah time, na so Man Pikin
go take kom. 38 For Noah time, before di flood kom, pipol dey chop and
drink, dey marry and dey give dia pikin out for marriage, until di day
wen Noah enter di ark. 39 Dem nor know wetin dey happen until wota
kom karry dem go. Na like dat e go bi wen Man Pikin go kom. 40 Dat time,
two men go dey for farm; one go vanish leave di oda one. 41 Two wimen
go dey grind korn for engine, one go vanish leave di oda one.
42 "So, make una shine una eye, bikos una nor know di day wen Christ
go kom. 43 But make una remember sey: If pesin wey get house know di
time wen tif go kom for nite, e go ready ensef make di tif nor for enter en
house. 44 So, make una dey ready, bikos Man Pikin go kom for di time wen
una nor tink sey e go kom.

### *Di Savant Wey Wise And Good*

45 "Who bi di savant wey wise and good? Na di pesin wey en oga make
leader among di oda savants, so dat e go give dem food for di korrect time.

46 E go good for dat savant wen en oga go kom back kon si am dey work.
47 I tell una true word, di oga go sey, ‘Make yu kare for di whole house.’
48 But if na wiked savant, e go tell ensef, ‘My oga nor go kwik kom back’,
49 so e go bigin beat di oda savants and e go dey chop and drink with
drunkards. 50 Wen di oga go kom back for di day wen di savant nor espect
and di time wen e nor know, 51 e go kut di savant to pieces kon trow am
put for where pritendas dey, where e go dey kry and grind en tit.”

# 25

*Di Ten Virgins Parabol*

1 “God Kingdom bi like wen ten virgins karry dia lamps go meet man
wey won marry wife. 2 Five get sense and five nor get sense. 3 Wen di ones
wey nor get sense karry dia lamp, dem nor take estra kerosine follow body.
4 But di ones wey get sense karry estra kerosine. 5 E kon happen sey di
man wey won marry, nor kwik kom, so all di virgins kon sleep.

6 “For mid-nite, somebody kon shaut, ‘Make una wake-up, di man wey
won marry, dey kom o-o! Make una kom meet am.’

7 “So all di virgins wake-up, kon inkrease dia lite. 8 But di ones wey nor
get sense kon tell di wise wons sey, ‘Make una give us some kerosine, bikos
awa lite won kwensh.’

9 “But dem ansa, ‘No! Wetin wi get nor go rish wi share, instead make
una go buy for unasef.’

10 “Wen dem go buy, di man wey won marry kon kom and di ones wey
dey ready kon enter di party with am and dem kon lock di door.

11 “Afta, di oda virgins kom back dey sey, ‘Oga God, Oga God! Make yu
allow us enter.’

12 “But e ansa dem, ‘No! I nor know una!’

13 “So, make una dey ready, bikos una nor know di day or time wen
Christ go kom.”

*Di Talent Parabol*

14 “One man wey dey travel kon koll all en savants divide en propaty
give dem. 15 E give one five koins, give anoda one two koins and di last,
one koin. E give each savant wetin e go fit use, den e kon travel. 16 Di
savant wey get five koins kwik-kwik go use en money trade kon gain five
koins join wetin e get. 17 Di same way, di savant wey get two koins, gain
two estra koins join en own. 18 But di savant wey get one koin kon go dig
hole for outside, hide di money wey en oga gi-am.

19 “Afta, dia oga kon kom back make e for know how dem use di money
wey e give dem. 20 Di savant wey e give five koins, kon bring anoda five
koins join en own, sey, ‘Oga God yu give mi five koins. Si, I don gain five
koins join dem.’

21 “En oga kon tell am, ‘Yu bi good and wise savant and yu do well! Since
yu fit use di small tin wey I give yu, e show sey yu go fit kontrol big-big
tins. Make yu kom enjoy with mi!’

22 “Di one wey dem give two koins still sey, ‘Oga God yu give mi two
koins. Si, I don get two koins join dem.’

23 “En oga tell am, ‘Yu bi good and wise savant and yu do well! Since yu
fit use di small tin wey I give yu, e show sey yu go fit kontrol big-big tins.
Make yu kon enjoy with mi!’

24 “Den di savant wey e give one koin kon sey, ‘Oga God, I know sey yu
bi wayo man, yu dey harvest wetin yu nor plant and dey pak fruits wey
yu nor plok, 25 so fear katch mi and I kon hide yor money for groun. So
oga, make yu take wetin yu give mi.’
26 “En oga kon tell am, ‘Yu wiked and lazy savant! Since yu know sey
I dey harvest wetin I nor plant and dey pak fruits wey I nor plok, 27 yu
for put my money for bank, so dat wen I kom back, I go kollect my money
back with intrest!
28 “ ‘Make una take di money from am and gi-am to di savant wey get
ten. 29 Bikos di pesin wey get sometin go get more and wetin e get, go
plenty. But di pesin wey nor get, even di small one wey e get, dem go
take am from am. 30 Make una trow dat wiked savant inside darkness for
outside, where e go kry and grind en tit.’

*Di Judgement*

31 “Wen Man Pikin and en angels go kom with en glory, e go sidan for
en king throne. 32 Evribody for di world go gada for en front and e go
separate pipol as shepad dey separate sheep from goat. 33 E go keep di
sheep for en rite hand and di goat for en left.
34 “Den di king go tell di pipol wey dey en rite hand, ‘Make una kom,
una wey my Papa don bless and make una inherit di kingdom wey God
prepare for una before di world start. 35 Wen I dey hongry, una give mi
food, wen I dey thirsty, una give mi sometin drink and wen I bi strenja,
una let mi enter una house. 36 I dey naked and una give mi klot wear, wen
I nor well, una kare for mi, wen I bin dey prison, una kom visit mi.’
37 “Den di raitious pipol go ansa, ‘Oga God, wish time wi si yu hongry
and dey thirsty, kon feed and give yu sometin drink? 38 Wish time wi si yu
as strenja, kon take yu enter awa house, or naked, kon give yu klot wear?
39 Wish time wi si yu wen yu nor well or dey for prison kon visit yu?’
40 “Den di king go ansa, ‘I tell una true word, just as una do am give di
pesin wey small pass among my brodas and sistas, una don do am for mi.’
41 “Di king go tell di pipol wey dey en left hand, ‘Make una komot from
my side, una wey God don curse! Make una enter hell-fire wey dem
prepare for devil and en wiked angels. 42 Bikos di time wey I dey hongry
and thirsty, una nor give mi food and wota drink. 43 Di time wen I bi
strenja, una nor let mi enter una house, wen I dey naked, una nor give mi
klot wear, wen I nor well and dey for prison, una nor kom visit mi.’
44 “Den, dem go ansa, ‘Oga God, wish time wi si yu dey hongry or won
drink and wi nor give yu food or sometin to drink, wish time yu bi strenja
or naked or nor well or dey for prison and wi nor give yu wetin yu wont?’
45 “Den, di king go ansa dem, ‘I tell una true word, just as una nor do
am for di pesin wey small pass among my brodas and sistas, una nor do
am for mi.’
46 “So wiked pipol go enter ponishment wey nor go end, but raitious
pipol go get life wey nor go end too.”

## 26

*Dem Plan To Arrest Jesus*

1 Wen Jesus tish finish, e kon tell en disciples, 2 “Make una know sey na
two days remain before di Passova go start and dem go give Man Pikin to
pipol wey go nail am for cross.”
3 Di priest oga dem and di eldas kon whole meetin with Kaiafas, di High
Priest, for en palis. 4 Dem kon plan for sekret to arrest Jesus make dem
for kill-am. 5 But dem sey, “Make wi nor do am wen di Feast don start, so
dat pipol nor go make trobol.”

### *Mary Pour Oil For Jesus Head*

6 Naw, as Jesus dey Betany for Simon, wey bi leper, house, 7 one woman
bring kontaina wey get oil wey dear well-well kon pour di oil for Jesus
head as e sidan for tabol dey chop.
8 Wen di disciples si wetin happen, dem kon vex well-well, ask di woman,
“Why yu dey waste dis oil? 9 E for betta sey dem sell am kon give di money
to poor pipol!”
10 Wen Jesus hear wetin dem tok, e kon sey, “Why una dey trobol dis
woman? Na betta tin e do for mi o-o! 11 Poor pipol dey with una evritime,
but mi, I nor go dey with una always! 12 Wen di woman pour dis oil for
my body, e dey prepare mi for my beri. 13 I tell una true word, anywhere
wey dem go for prish dis gospel, dem go take dis tin wey di woman do so,
take remember am for di whole world.”

### *Plan To Sell Jesus*

14 Den Judas Iskariot, wey dey among di twelf disciples go meet di priest
oga dem, 15 kon tell dem, “Wetin una go give mi, if I sell Jesus Christ give
una?” So dem kon kount thirty silva koins gi-am. 16 From dat time, Judas
kon dey find how e go take sell Jesus Christ.

### *Di Passova Feast*

17 For di day wen dem start di Feast for di Bread wey nor get yist, di
disciples kom meet Jesus Christ tell am, “Tell us where yu for won chop di
Passova Food, so dat wi go-go prepare di place.”
18 Jesus tell dem, “Make una go inside di town and una go meet one man.
Make una tell am, ‘Di tisha sey, “My time don rish. I go chop di Passova
Food with my disciples for yor house.” ’ ” 19 So di disciples do as Jesus
tell dem, den dem kon go prepare di Passova Food.
20 Wen evening rish, Jesus sidan for di tabol with en twelf disciples. 21 As
dem dey chop, e kon sey, “I tell una true word, one of una go sell mi.”
22 Wetin e tok kon worry dem well-well, so dem kon bigin ask am, “Oga
God, na mi?”
23 Jesus ansa dem, “Di pesin wey go put hand inside plate with mi, na-im
go sell mi. 24 Man Pikin go die as dem rite about am, but curse dey di pesin
head wey go sell am! E for betta sey dem nor born di pesin at-all.”
25 Den Judas, di pesin wey go sell am, kon sey, “True-true, Oga God, na
mi yu dey tok about?”
Jesus ansa am, “Yu don tok am.”

### *God Supper*

26 As dem dey chop, Jesus take bread kon tank God, afta e divide am, e
give en disciples, kon sey, “Make una chop, dis na my body.”
27 Afta, e take di cup kon tank God, den e give dem kon sey, “Make all of
una drink from am, 28 bikos dis na my blood, wey bi di kovenant wey go

make God forgive pipol dia sins. 29 I tell una, from naw go, I nor go drink
dis wine until di day wey I go drink di new wine with una for my Papa
kingdom.”
30 Afta dem sing one hymn, dem komot kon go Mount Olives.

### *Jesus Sey Pita Go Deny Am*

31 Den Jesus kon tell dem, “Dis nite all of una go run leave mi, bikos God
word sey,
“ ‘I go kill di shepad
and di sheep go skata.’
32 But afta God don raiz mi up from deat, I go-go Galilee, go wait for una.”
33 Pita kon ansa am, “If odas run leave yu, mi, I nor go ever leave yu!”
34 Jesus kon tell am, “I tell yu di trut, for dis nite, before fawol go do
‘Kukuruku’, yu go deny mi three times.”
35 Pita still ansa, “Even if I go die, I nor go ever deny yu.” And all di
disciples still tok di same tin.

### *Jesus Pray Inside Getsemani*

36 Den Jesus go Getsemani with en disciples kon tell dem, “Make una
sidan here bikos I wont cross go di oda side go pray.” 37 E take Pita, James
and John, wey bi Zebedee two shidren, with am. But bikos of wetin won
happen, belle nor sweet am. 38 Den e tell dem, “My heart heavy and e bi
like sey I won die. Make una stay here and make una nor sleep.”
39 E waka go front small kon liedan face groun, den e kon pray, “My
Papa, if yu wont, yu go fit remove dis deat from mi! But nor bi as I wont,
na as yu wont am.”
40 Wen Jesus kom back, e kon si sey all en disciples dey sleep. Den e ask
Pita, “So yu nor fit stay make yu nor sleep for one hour? 41 Open yor eye
make yu pray, so dat yu nor go fall inside temptashon. Yor spirit won do
am, but yor flesh dey weak.” 42 Jesus kon go pray for di sekond time, “My
Papa, if yu nor won take dis deat komot unless I die, den make wetin yu
wont happen.”
43 E kom back kon si en disciples dey sleep again; dem nor fit open dia
eyes. 44 So e leave dem, go pray di same way for di third time.
45 Den e kon meet di disciples ask dem, “Una still dey sleep and rest? Si,
di time don dey rish wen dem go sell Man Pikin give sinnas. 46 Make una
stand up, make wi dey go. Si! Di pesin wey won sell mi, don dey kom!”

### *Dem Arrest Jesus*

47 As Jesus still dey tok, Judas wey bi one of di disciples, kon kom. Plenty
pipol wey di priest oga and eldas send, karry gun and big stik dey follow
Judas for back. 48 (Naw, di pesin wey sell am, don give dem sign sey, “Di
pesin wey I go kiss, naim bi di man. Make una arrest am!”) 49 At wons,
Judas go meet Jesus, greet am kon sey, “Tisha”, den e kiss am.
50 Jesus tell am, “My friend, do wetin make yu kom.”
Den dem whole Jesus kon arrest am. 51 But one of di disciples wey dey
with Jesus draw en swod kom out, kon kut di High Priest slave ear komot.
52 Den Jesus tell am, “Put yor swod for where e dey before! Bikos
anybody wey dey karry swod, na swod go kill-am. 53 Yu tink sey, I nor
fit koll my Papa sey make e send many angels kom help mi naw-naw?
54 But if I do am, wetin dem rite for God word about dis matter, nor go
happen.”

55 By dis time, Jesus tell di pipol wey follow Judas kom sey, “Una karry
swod and stik kon arrest mi like sey I bi tif? I dey tish inside di temple
evriday, but una nor arrest mi.” 56 Dis one happen so dat wetin di profets
rite for di book go bi true. Den all di disciples kon run leave am.

### *Di Sanhedrin Kondemn Jesus*

57 Naw di pipol wey arrest Jesus take am go meet Kaiafas di High Priest,
wey di law tishas and eldas don gada for en house. 58 But Pita follow dem
go rish di High Priest yard. E kon sidan with di guards to si wetin go
happen.

59 Di priest oga dem and di Sanhedrin kon dey find wetin dem go take
whole Jesus, make dem for fit kill-am. 60 But dem nor si anytin to take hold
am, even doh many pipol kom lie against am.

At last, two pipol kom out 61 kon sey, “Dis man sey, ‘I go fit distroy God
Temple and build am again for three days’.”

62 So, di High Priest kon stand up ask Jesus, “Yu nor get any ansa? Wetin
bi dis wey dem dey tok against yu so?” 63 But Jesus kwayet.

Den di High Priest kon tell am, “I take God name kommand yu to tell us
if yu bi Christ, wey bi God Pikin.”

64 Jesus ansa am, “Yu don tok am. But I tell yu, from naw go, yu go si
Man Pikin sidan for God rite hand dey kom down for kloud from heaven.”

65 Den di High Priest tear en klot kon sey, “E don tok against God! Why
wi still nid anoda witness? Una don hear as e tok against God! 66 Wetin
una tink?”

Dem kon ansa, “E do bad and e suppose to die.”

67 Dem kon spit for en face, beat am and some slap am, 68 dey sey, “Make
yu tell us wetin go happen, yu wey bi Christ! Na who beat yu?”

### *Pita Deny Jesus Christ*

69 As Pita sidan outside for di yard. One girl wey bi savant kon tell am,
“Yorsef bin dey with Jesus Christ wey kom from Galilee.”

70 But Pita deny am for evribody front kon sey: “I nor know wetin yu
dey tok about!”

71 Wen e komot go outside, anoda girl wey bi savant si am kon tell di
pipol wey dey der, “Dis man sef dey with Jesus wey kom from Nazaret.”

72 Pita kon swear deny again, “I nor know di man!”

73 Afta sometaim, pipol wey stand for der, kom meet Pita tell am, “Yu
really bi one of dem, even di way yu dey tok show sey yu dey with am!”

74 As e hear dis one, Pita kon dey swear, “I nor know di man!”

Dat same time, fawol kon make, “Kukuruku.” 75 Den Pita kon remember
wetin Jesus tell am, “Before fawol go make ‘Kukuruku’, yu go deny mi
three times.” So Pita go outside bigin kry.

## 27

### *Dem Take Jesus Go Meet Pilate*

1 For early morning, di priest oga dem and di eldas kon dey plan as dem
go take kill Jesus. 2 Dem tie am kon take am go meet Pilate, wey bi di
govnor.

### *Judas Kill Ensef*

3 Wen Judas wey sell Jesus si sey dem kondemn am, en mind kon dey
judge am for wetin e do, so e riton di thirty silva koins give di priest oga
dem and eldas, 4 kon sey, "I don sin as I sell dis innocent man make dem
kill-am!"

But dem sey, "How dat one take koncern us? Na yor business bi dat."

5 So Judas kon trow di silva koins inside di temple, den e komot go hang
ensef.

6 Di priest oga dem take di money kon sey, "Moses Law sey make dem
nor put blood money for di temple pus." 7 Afta dem don tok di matter,
dem kon take di money buy one land wey di name bi "Potta Field" and na
strenjas dem dey beri for der. 8 Na bikos of dis make dem dey koll di land
"Blood Field" kon rish today. 9 So wetin profet Jeremaya tok kon happen:
"Dem take thirty silva koins, di money wey Israel pipol don gri to take sell
Jesus, 10 den dem use di money take buy, 'Di Potta Field', just as God tell
mi."

### *Jesus And Pilate*

11 As Jesus stand for di govnor front, di govnor kon ask am, "Na yu bi di
Jew pipol king?"

Jesus ansa, "Na as yu tok!"

12 Wen di priest oga dem and di eldas dey akuiz Jesus, e nor ansa dem.
13 Den Pilate tell Jesus, "Yu nor hear all di tins wey dem dey tok sey yu
do?" 14 But Jesus nor ansa and di govnor kon sopraiz well-well.

15 For Passova Feast, di govnor dey always release one prisona give di
pipol. 16 Dat time, e get one wiked prisona and en name na (Jesus) Barabas.
17 So, wen dem don gada, Pilate ask dem, "Who una wont make I release
give una? (Jesus) Barabas or Jesus Christ?" 18 (Bikos Pilate know sey na
jealousy make dem bring Jesus Christ kom meet am.)

19 As Pilate sidan for di judgement seat, en wife send message go meet
am sey, "Nor put hand for dat innocent man matter, bikos last nite, I dream
bad dream about am."

20 But di priest oga dem and di eldas sey make di pipol ask for Barabas,
so dat dem go fit kill Jesus Christ.

21 Di govnor kon ask dem again, "Wish one for dis two pipol una wont
make I release give una?"

Dem ansa, "Barabas!"

22 So, Pilate kon still ask dem, "Den wetin I go do with Jesus wey dem
dey koll Christ?"

All of dem kon ansa, "Nail am for cross!"

23 Pilate kon ask, "Why? Wish bad tin e do?"

But dem kon dey shaut more-more, "Nail am for cross!"

### *Sojas Kondemn And Laf Jesus*

24 Wen Pilate si sey di pipol nor gri and trobol won start, e kon take wota
wosh en hand for di pipol front dey sey, "Dis man blood nor dey my head.
Make only una go kill-am!"

25 Di pipol ansa, "Make en blood dey awa head and awa shidren own!"

26 Den Pilate release Barabas give dem. Afta dem flog Jesus Christ, Pilate
kon gi-am to dem make dem nail am for cross.

27 Di sojas take Jesus Christ enter di govnor house and all of dem kon
gada am. 28 Dem remove en klot kon wear am klot wey make am bi like

king. 29 Dem take shuku-shuku make crown wear am for en head, put
walkin stik for en hand, den knee down for en front kon dey laf am dey
sey: "Make una hail Jew pipol king o-o!" 30 Dem spit for en body kon
take walkin stik nak en head many times. 31 Wen dem laf am finish, dem
remove di king klot wey dem wear am kon wear am en own klot. Den
dem take am go nail for cross.

### *Dem Nail Jesus For Cross*

32 As dem dey go outside, dem si one man from Sirene wey en name
na Simon and dem kon force am make e karry Jesus Christ cross. 33 Wen
dem rish one place wey dem dey koll Golgota (wey mean "Skull Place"),
34 dem kon give Jesus Christ betta wine make e drink. But wen e taste am,
e nor gri drink am. 35 Wen dem don nail am for cross, dem kon gambol
take divide en klot. 36 Dem sidan der dey look make anybody nor tosh am.
37 On-top of en head for di cross, dem rite wetin dem take akuiz am: "Dis
na Jesus Christ, Jew pipol king." 38 Dem still nail two tif near Jesus Christ
for cross, one for en rite and di oda for en left hand. 39 So di pipol wey dey
pass where Jesus Christ dey kon dey laf am and dey shake dia head 40 dey
sey, "Yu wey sey yu go distroy di temple kon build am back for three days,
make yu save yorsef! If yu really bi God Pikin, make yu kom down from
di cross!"
41 Na like dis too, di priest oga dem, di law tishas and di eldas dey laf
am sey, 42 "E save oda pipol, but e nor fit save ensef! If e kom down naw
from di cross, wi go bilive sey, na-im bi Israel King! 43 Since e trust God,
make God kon save am naw, bikos e sey, 'I bi God Pikin!' " 44 Di tifs wey
dem nail for cross near Jesus Christ, still dey curse am too.

### *Jesus Die*

45 E kon happen sey, from twelf go rish three oklok for aftanoon,
darkness kon kover di whole land. 46 Wen three oklok won rish, Jesus
Christ kon shaut, "Eli, Eli, lema Sabaktani?" wey mean, "My God, My God,
wetin make yu abandon mi?"

47 Some of di pipol wey hear di word kon sey, "Dis Man dey koll Elijah
make e kom help am."

48 At wons, one of dem run go bring sponge kon soak am for wine wey
don sawa, put am for stik, den kon give Jesus make e drink. 49 But di
remainin pipol sey, "Leave am! Make wi si weda Elijah go kom save am."

50 So Jesus Christ kry again, den e kon die.

51 At wons, di temple kotton tear from up go rish bottom. Di groun bigin
shake and rocks kon skata for evriwhere. 52 Graves open and God pipol
wey don die kom wake-up. 53 Afta Jesus raiz from grave, God pipol wey
don die follow am raiz, den dem kon enter di holy Town with am and
many pipol si dem.

54 Wen di sojas oga and di pipol wey dey guide Jesus Christ si di
eartkweke and wetin happen, dem fear well-well kon sey, "True-true dis
man na God Pikin."

55 Many wimen wey follow Jesus Christ from Galilee and wey dey help
am, dey der too. Dem dey look wetin dey happen for der. 56 Mary
Magdalin, Mary, wey bi James and Josef mama and Zebedee shidren
mama, dey der too.

### *Jesus Christ Burial*

57 Wen evening rish, Josef, one rish man from Arimatea, wey bi Jesus
Christ disciple 58 go meet Pilate kon ask am for Jesus Christ body. So Pilate
kon sey make dem gi-am di body. 59 So Josef karry di body kon wrap
am with klean white klot. 60 E put am inside en own new grave wey e
dig inside rock. Den e roll one big stone kover di grave mout. 61 (Mary
Magdalin and di oda Mary sidan for di oda side wey face di grave).

### *Pipol Wey Dey Guide Di Grave*

62 Di next day (wey bi Sabat Day) di priest oga dem and di Farisee pipol
kon gada for Pilate front 63 dey sey, "Oga God, wi remember sey wen dat
wayo man still dey for dis world, e tok sey, 'Afta three days, e go wake-up.'
64 So make yu give orda make dem guide di grave until di three days go
rish. If not, en disciples go-go tif en body kon tell pipol sey, 'E don wake-up
from deat' and dis go make di last wayo worse pass di first one."

65 So Pilate tell dem, "Make una take plenty sojas go guide di place as
una wont." 66 So dem karry sojas go guide di grave and dem kon block di
grave mout, so dat Jesus Christ nor go fit kom out.

## 28

### *Di Resureshon*

1 Wen day break for Sabat Day, wey bi di first day for di week, Mary
Magdalin and di oda Mary kon go look di grave.

2 At wons, strong eartkweke happen, bikos God angel kom down from
heaven, roll di stone komot kon sidan on-top am. 3 En face bi like tonda
lite and en klot white like snow. 4 Di guards kon dey shake and dem bi like
pipol wey won die, bikos fear katch dem well-well.

5 But di angel tell di wimen, "Make una nor fear, I know sey una dey
look for Jesus Christ, wey dem nail for cross. 6 E nor dey here, bikos God
don wake am up, just as God promise. Make una kom si di place where e
liedan put before. 7 Den make una kwik-kwik go tell en disciples sey, 'God
don raiz am from deat and e dey go wait for una for Galilee. Una go si am
for der.' Make una remember sey I tell una so!"

8 So dem run komot from di grave with fear and dem kon dey happy as
dem dey go tell en disciples. 9 But Jesus Christ meet dem for road kon tell
dem, "I greet una o-o!" Dem dress near am, hold en leg kon woship am.
10 Den Jesus Christ tell dem, "Make una nor fear, but tell my brodas make
dem go Galilee and dem go si mi for der."

### *Di Sojas Ripot*

11 As dem dey go, some for di guards go inside di town go tell di priest
oga dem evritin wey happen. 12 Afta dem don gada and plan with di eldas,
dem kon give di sojas plenty money, 13 kon tell dem sey, "Make una tok
sey, 'Jesus Christ disciples kom tif en body for nite wen wi dey sleep.' 14 If
di govnor hear about dis matter, wi know wetin to tell am and una nor go
enter trobol." 15 So dem take di money kon do as di eldas tell dem. Pipol
still dey tok dis story for evriwhere wey Jew pipol dey, kom rish today.

### *Di Big Message*

[16] So di eleven disciples kon go Galilee for di mountin wey Jesus Christ
tell dem. [17] Wen dem si am, dem woship am, but some among dem kon
dey doubt. [18] Den Jesus Christ waka near kon tell dem, “God don give mi
all di pawa wey dey heaven and eart. [19] So make una go make pipol my
disciples for di whole world, dey baptize dem with di Papa, di Pikin and di
Holy Spirit name, [20] dey tish dem to do evritin wey I tish una. I go always
dey with una until di world go end.”

# Mark

## Introdushon

Mark (en full name na John Mark), na Barnabas kousin (Kolossians 4:10). E work with Pita (one of Jesus disciple) and en mama house bi di place where bilivers dey meet for Jerusalem, naim rite di book. E rite am to di bilivers wey dey suffer persecushon from di govment for Rome (8:34-38; 13:9-13). Mark aim na to assure di bilivers sey Jesus Christ naim bi di true Savior, wey God send kon save not only Israel pipol, but Gentile pipol too. One Roman soja wey dey where dem dey kill Jesus konfess, "True-true dis man na God pikin!" Dis book get kweshons about Jesus like: Who pipol dey tok sey Jesus bi? So, afta Jesus don do plenty mirakles, en disciple kon really know sey Jesus, true-true, na God Son.

### *John Di Baptist Work*

1 Na so di gospel about Jesus Christ, God Pikin take start.
2 As Profet Isaya tok for di book wey e rite,
"I dey send my messenja for front,
go prepare di way for yu."
3 One pesin dey shaut inside wildaness sey,
"Make una prepare Oga God way for am,
make una make en road strait."
4 For inside wildaness, John di Baptist kon bigin prish sey, make pipol leave
di bad tins wey dem dey do, make e for baptize dem, so dat God go forgive
dem dia sins. 5 Pipol for Judea and all di aria wey near am and doz wey
dey Jerusalem, dey go meet John and e kon baptize dem for Jordan River
afta dem konfess dia sins. 6 John wear klot wey dem take kamel hair make,
tie leda belt for waist and e dey chop lokust and honey for inside bush. 7 E
kon sey, "Pesin wey big pass mi dey kom for my back and I nor big rish
who go luz di rope wey dey en shoe. 8 I dey use wota baptize una, but e
go baptize una with di Holy Spirit."

### *Jesus Baptizim And Temptashon*

9 Dat time, Jesus kom from Nazaret wey dey for Galilee and John kon
baptize am for Jordan River. 10 As Jesus dey kom out from di wota, heaven
open and God Spirit kom down like dove kon land for en head. 11 Den one
vois tok from heaven sey, "Yu bi My Pikin wey I love and yu dey make
belle sweet Mi well-well."
12 At wons, God Spirit kon take am go inside di wildaness. 13 E stay inside
di wildaness where Satan tempt am for forty days. E dey der with wiked
animals and God angels kon gi-am evritin wey e wont.

### *Jesus Koll En Disciples*

14 Afta dem don put John for prison, Jesus kon enter Galilee dey prish di
Good News sey, 15 "Di time wey God promise sey en kingdom go kom don
rish. So make una leave di sins wey una dey do kon bilive di Good News."
16 As Jesus dey waka for Galilee wotaside, e kon si Simon and en broda
Andru wey dey trow net inside river, (bikos dem bi Fisha men.) 17 Jesus
kon tell dem, "Make una follow mi and I go give una pawa to katch pipol."
18 At wons, dem leave dia net kon follow Jesus.

[19] As dem waka go front small, dem si James and John, wey bi Zebedee
shidren inside boat dey ripair dia net. [20] At wons, Jesus koll dem, so dem
leave dia papa, Zebedee, with di men wey dem hire for inside di boat, kon
follow Jesus.

### *Jesus Pawa*

[21] Jesus with en disciples kon go Kapanaum. Wen Sabat Day rish, Jesus
kon enter di sinagog bigin tish. [22] Di pipol sopraiz, bikos e sabi tish pass
di law tishas. [23] For inside di sinagog, one man wey evil spirit dey inside
en body kon shaut dey sey, [24] "Make yu leave us o-o, Jesus wey kom from
Nazaret! Abi, yu don kom distroy us? I know who yu bi. Yu bi God Pikin
wey dey holy."

[25] But Jesus kommand am, "Shut up and kom out from di man!" [26] Afta
di evil spirit don shake di man well-well, e shaut kon kom out from di man
body.

[27] Evribody sopraiz dey ask each oda, "Wish one bi dis? Dis new tishing
strong o-o! Even wiked spirit dey obey en kommand." [28] So, di story about
wetin Jesus dey do kon spread kwik-kwik for evriwhere for Galilee.

### *Healin For Simon House*

[29] As Jesus, James and John komot from di sinagog, dem kon enter Simon
and Andru house. [30] Simon wife mama nor well, so dem kon tell Jesus
about am. [31] Jesus go meet am, hold en hand and di woman kon stand up.
Den di fever komot from en body and e kon dey serve dem.

[32] Wen sun don dey go down for evening, dem kon bring all di pipol wey
nor well and wey get demon kom meet Jesus. [33] Di whole town kon gada
for di door-mot. [34] So, Jesus heal many pipol wey nor well with difren-
difren diziz and e drive many demon komot from pipol body. But e nor
let di demons tok, bikos dem know who e bi.

### *Jesus Work*

[35] For early morning wen evriwhere still dark, Jesus leave di house go
one kwayet place go pray. [36] Simon and di pipol wey dey with am kon dey
find am. [37] Wen dem si am, dem kon sey, "Evribody dey find yu."

[38] Jesus tell dem, "Make wi go anoda village, so dat I go prish for der too.
Bikos na wetin I kom do, bi dat." [39] So e kon go evriwhere for Galilee dey
prish for dia sinagog and dey drive demon komot from pipol body.

### *Jesus Heal Leper*

[40] One man wey bi leper kom meet Jesus, knee down for en front dey
beg am sey, "If yu wont, yu go fit make mi well."

[41] Jesus sorry for di man, so e tosh am kon sey, "I wont, so make yu
well!" [42] At wons, di leprosy komot from di man body and e kon dey okay.

[43] So Jesus warn di man well-well as e dey go sey, [44] "Make yu nor tell
anybody about wetin happen so, but go show yorsef to di priest. And
make evribody for know sey yu don klean, make yu take di ofrin wey
Moses kommand, follow body." [45] But as di man dey go, e kon bigin shaut
for evriwhere dey spread di story, sotey Jesus nor fit enter any town again,
so e kon dey stay where pipol nor dey. But pipol still dey kom meet am
from evriwhere.

# 2

*Jesus Heal One Man Wey Paralaiz*

1 Afta some days, wen Jesus go back to Kapanaum, news spread sey e
dey house. 2 Many pipol kon gada and di house full sotey space nor dey to
enter or stand near di door. So Jesus kon bigin prish God word give dem.
3 Some pipol kon karry one man wey paralaiz kom. 4 As dem nor si road
pass go meet Jesus, bikos pipol plenty der, dem kon remove di zink on-top
di house for where Jesus sidan, den dem kon small-small drop di bed wey
di man liedan put till e rish groun. 5 Wen Jesus si as dia faith strong rish,
e kon tell di man wey paralaiz, "My pikin, I forgive yu all yor sins."
6 So some law tishas wey sidan der kon dey tink wetin Jesus tok for dia
mind dey sey, 7 "Why dis man dey tok like dis? E dey shalenge God! Who
fit forgive sins escept God?"
8 At wons, Jesus know wetin dem dey tink for dia mind, so e kon ask
dem, "Why una dey tink like dis? 9 Wish one eazy pass to tok? 'I forgive
yu yor sins,' or 'Get up, karry yor bed make yu waka?' 10 But make dem
for know sey Man Pikin get pawa for dis world to forgive sins, Jesus kon
tell di man wey nor fit waka, 11 'I tell yu, get up, karry yor bed, make yu
go yor house.' " 12 At wons, di man get up, karry en bed travel for dia
front. Dem sopraiz well-well kon dey praiz God dey sey, "Wi neva si dis
kind tin before!"

*Jesus Chop With Sinnas*

13 Jesus kon go di wotaside again and pipol kom meet am for der, so e
kon start to tish dem. 14 As e dey waka for road, e si Levi, Afius pikin,
sidan for where dem dey kollect tax. E tell am, "Make yu follow mi." So
Levi get up kon follow Jesus.
15 As Jesus dey chop for Levi house, many tax kollectors and sinnas dey
chop with en and en disciples, bikos di pipol wey follow am, plenty. 16 Wen
di law tishas and di Farisee pipol si sey e dey chop with sinnas and tax
kollectors, dem kon ask en disciples, "Why una oga dey chop with tax
kollectors and sinnas?"
17 Wen Jesus hear dis, e tell dem, "Pipol wey well nor nid doctor, but na
doz wey nor well nid am. Nor bi good pipol I kom koll, but na sinnas I
kom for."

*Jesus Tok About Fasting*

18 Naw, John di Baptist disciples and di Farisee pipol dey fast. So dem
kom meet Jesus sey, "Why John disciples and di Farisee pipol dey fast, but
yor disciples nor dey fast?"
19 Jesus ansa dem, "Pipol wey kom marriage nor fit fast wen di man
wey dey marry dey with dem, abi dem suppose to? So-far di man wey dey
marry dey with dem, dem nor nid to fast. 20 But di time dey kom wen dem
go take di man wey dey marry from dem, by dat time, dem go fast.
21 "Nobody dey tear new klot take pash old one. If e do like dat, di pash
go tear di klot more and di whole go big pass as e bi before. 22 Nobody
dey pour new wine inside wine bag wey don old; if not, di new wine go
tear di bag, di wine go trowey and di bag go spoil. Instead, na inside new
wine bag dem dey pour new wine put."

*Na Jesus Bi Sabat Day Oga God*

23 Jesus kon dey waka pass di farm where dem plant korn put for Sabat
Day and en disciples kon plok some korn as dem dey pass. 24 So di Farisee
pipol tell am, “Si, why yor disciples dey break awa law for Sabat Day?”
25 Jesus ansa dem, “Una neva read wetin David do wen en and en men
nor si food chop? 26 How en and en men enter God house wen Abiatar bi
High Priest kon chop di holy bread wey only priests suppose chop?”
27 Jesus tell dem, “God make Sabat Day to help pipol, but nor bi sey make
Sabat Day kontrol pipol life. 28 So, na God Pikin bi Sabat Day Oga God.”

# 3

### *Jesus Heal Man Wey En Hand Die*

1 Wen Jesus enter di sinagog again, one man wey en hand die, dey der.
2 Di Farisee pipol kon dey look Jesus with korna eye weda e go heal di man
for Sabat Day, so dat dem go si wetin dem go take akuiz am. 3 So Jesus tell
di man, “Make yu stand for centre make evribody si yu.”
4 Jesus kon ask, “E good make wi do good or bad tin for Sabat Day? Make
wi save or distroy pesin?” But dem nor ansa.
5 So Jesus vex kon look dem round, bikos dia heart strong well-well, den
e tell di man, “Stresh yor hand.” So di man stresh en hand and di hand
kon well again. 6 Den di Farisee and Herod pipol kon kwik-kwik go outside
go plan how dem go take kill Jesus.

### *Pipol Gada For Wotaside*

7 Den Jesus komot with en disciples go di wotaside and plenty pipol
from Galilee follow am. Pipol from Judea, 8 Jerusalem, Idumea, some from
across Jordan River and around Tyre and Sidon kom meet am wen dem
hear about di tins wey e dey do. 9 Bikos of di pipol, Jesus kon tell en
disciples make dem prepare one small boat for am, so dat pipol nor go
push am anyhow. 10 Jesus heal many pipol, so all di pipol wey nor well
kon dey push each oda, so dat dem go fit tosh am. 11 And anytime evil
spirit wey dey inside some pipol body si Jesus, dem go fall for en front dey
shaut, “Yu bi God Pikin.” 12 But Jesus warn dem well-well make dem nor
let pipol know who e bi.

### *Jesus Choose Twelf Disciples*

13 Jesus klimb go on-top mountin kon koll di pipol wey e wont, make dem
kom meet am for der. 14 E choose twelf pipol (wey e koll apostles), so dat
dem go dey with am and e go fit send dem go prish. 15 E kon give dem pawa
to drive demons komot. 16 Na di twelf wey e choose bi dis: Simon wey e
koll Pita, 17 James and en broda John, wey bi Zebedee shidren wey Jesus
dey koll “Boanerges (wey mean ‘Tonda shidren’).” 18 Plus Andru, Filip,
Bartolomew, Matiu, Tomas, James wey bi Afaeus pikin, Taddaeus, Simon
wey dem dey koll Zealot (pesin wey dey fight for en kountry), 19 and Judas
Iskariot, wey sell Jesus give en enemies.

### *Jesus And Belzibub*

20 Jesus go house and plenty pipol kon gada am sotey en and en disciples
nor fit chop. 21 Wen Jesus family hear wetin dey happen, dem kon go hold
am, bikos pipol dey sey, “E don dey kraze.”

22 Di law tishas wey kom from Jerusalem sey, "Belzibub dey inside am"
and "Na demon pawa e take dey drive demons komot from pipol body."
23 So Jesus kon tok to di pipol for parabol sey: "How Satan go fit take
drive Satan komot? 24 Any kingdom where pipol dey fight each oda, nor
go fit stand. 25 And any family wey dey fight demsef, go skata. 26 So, if
Satan kingdom divide against ensef, e nor go fit stand and en end don
rish. 27 Nobody go fit enter strong man house tif en propaty, unless e first
tie di strong man, before e go fit tif en tins. 28 I tell una true word, God go
forgive pipol di sins wey dem kommit and all di bad word wey dem tok.
29 But anybody wey tok bad word against di Holy Spirit, God nor go ever
forgi-am, bikos e don kommit sin wey go last forever."
30 Jesus tok so, bikos some pipol sey, "Evil spirit dey inside am."

### *Jesus Family*

31 Jesus mama and en brodas kom meet am. Dem stand for outside kon
send pesin go koll am. 32 Di pipol wey sidan near Jesus kon tell am, "Yor
mama and yor brodas dey outside, dem won si yu."
33 But Jesus ansa dem, "Who bi my mama and my brodas?"
34 Den e look di pipol wey sidan round am kon tell dem, "Na my mama
and my brodas bi dis pipol wey sidan here! 35 Bikos anybody wey do wetin
God wont, na-im bi my broda, sista and mama."

## 4

### *Di Farmer Parabol*

1 Again, Jesus kon bigin tish pipol for di wotaside. Since pipol wey gada
round am many, e enter boat dey tish di pipol as dem sidan for groun near
di wota. 2 E kon tish dem many tins for parabol sey: 3 "Make una Listin!
One farmer go plant seed for en farm. 4 As e dey plant, some seed fall
for road and birds kom chop dem. 5 Odas fall for where stones and san
dey. Dem kwik grow kom out, bikos good soil nor dey der. 6 Wen sun kom
out, e burn di plant, bikos dem nor get deep rut, dem kon die. 7 Odas fall
for where shuku-shuku dey and wen dem grow kom out, di shuku-shuku,
shuk dem die. 8 But odas fall for betta groun. Dem grow well kon bear
oda seeds, some bear rish thirty, some sixty and some hundred."
9 Jesus kon sey, "Anybody wey get ear, make e hear wetin I dey tok!"

### *Why Jesus Dey Tish With Parabol*

10 Wen Jesus dey alone, pipol wey dey with am and en twelf disciples
kon ask am about di parabol. 11 E kon tell dem, "God don show una di
kingdom sekret. But doz wey dey outside God Kingdom, na parabol e bi
for dem, 12 so dat,
"dem go dey look, but dem nor go si,
    dem go dey hear, but dem nor go undastand
and dem nor go fit turn from dia sin
    kom meet God make E forgive dem."
13 Jesus kon ask dem, "Una nor undastand dis parabol? Den how una
go take undastand any oda parabol? 14 Na God word di farmer dey plant.
15 Some pipol bi like di seed wey fall for road: anytime dem hear God
word, Satan go kom tif am from dem kwik-kwik. 16 Some bi like di seeds
wey fall for where stones and san dey: as dem hear God word, dem go

receive am with happiness, 17 and bikos dem nor get rut and patient, wen
trobol or wahala kom bikos of di word, dem go forget God word. 18 Odas
bi like di seeds wey fall for where shuku-shuku full: dem hear di word,
19 but trobol for life, big eye for money and di way dem dey run follow oda
tins, go kon block di word and e nor go bear anytin for dia life. 20 But di
ones wey fall for betta groun, na doz wey hear di word kon receive am and
bear many fruits, some bear rish thirty, some sixty and some hundred."

### *Di Lamp Parabol*

21 Jesus still ask dem, "Pipol dey hide lamp for under basket? Nor bi
on-top di place where dem dey keep lamp, dem suppose put am? 22 E nor
get wetin pipol hide wey God nor go show and e nor get wetin dey for
sekret naw, wey nor go kom out for open. 23 If anybody get ear, make e
hear wetin I dey tok!"

24 Jesus kon tell dem, "Make una dey kareful for wetin una dey hear,
bikos na wetin yu use take measure give oda pipol, na-im God go take
measure for yu too and E go add join am. 25 Bikos anybody wey get, God
go gi-am more, but anybody wey nor get, even di small one wey e get, God
go take am from am."

### *Seed Wey Dey Grow*

26 Jesus kon sey, "God Kingdom bi like pesin wey skata seed for groun.
27 Di pesin dey sleep and wake-up day and nite; di seed grow kom out,
even doh di man nor know how e take happen. 28 As plant dey grow from
groun, di body go first kom out, den di head go bear fruit and seed go kom
out from inside. 29 Wen e ripe, di farmer go kut am, bikos di time to plok
wetin e plant, don rish."

### *Di Mustard Seed Parabol*

30 Jesus kon ask dem, "Wetin wi go take kompare God Kingdom? Wish
parabol wi go fit use take show as e bi? 31 E bi like mustard seed wey bi di
seed wey small pass for di world, wey pesin plant for groun. 32 Afta dem
don plant am, e go grow kon big pass all di oda plants and en branches go
big and birds go land kon build dia nest for der."

### *Jesus Tish With Parabol*

33 Na with many parabol like dis one, Jesus take prish God word to dem,
so dat dem go fit undastand. 34 E nor get wetin e tell dem wey e nor use
parabol. But wen only en and di disciples dey, e dey esplain evritin give
dem.

### *Jesus Stop Heavy Wave*

35 Wen evening rish dat day, Jesus kon tell en disciples, "Make wi cross
go di oda side for di river." 36 So afta dem leave di pipol, dem enter di boat
wey Jesus sidan and oda boat still dey der with dem. 37 Den, strong breeze
kon dey blow and wota dey enter di boat, so di boat kon dey won sink.
38 But Jesus put en head for pillow dey sleep inside di boat. Den, dem koll
am dey sey, "Tisha, yu nor even kare sey wi won die?"

39 So Jesus get up kon kommand di breeze, den e tell di river, "Make yu
kwayet!" Di breeze stop and evriwhere kon kwayet at wons.

40 Den Jesus tell dem, "Why una dey fear? Una still nor get faith?"

41 Fear katch dem well-well and dem kon dey ask each oda, “Who dis
man bi sef? Even breeze and river dey obey am!”

# 5

*Jesus Heal Man Wey Get Demon*

1 So Jesus and en disciples cross go di oda side for di river for Gerasenes
aria. 2 As Jesus just dey kom down from di boat, one man wey get evil
spirit kom out from di beri groun, run kom meet am. 3 Na inside beri
groun di man dey stay and nobody dey fit tie am, even with shain. 4 Bikos
dem don tie en hand and leg many times with shain and handcuff, but e
dey kut dem trowey. Nobody strong rish to hold am. 5 Evriday and nite
for di beri groun near where mountin dey, e dey shaut, dey use stone dey
kut en body.

6 Wen e si Jesus dey kom from far, e run go meet am kon bow down for
en front. 7 Den e shaut, “Make yu leave mi, Jesus, yu wey bi God Almighty
Pikin! I take God beg yu, nor sofa mi!” 8 (Bikos Jesus don tell di demon
before sey, “Komot from dat man body!”)

9 Jesus ask am, “Wetin bi yor name?”

E ansa, “My name na ‘Legion,’ bikos wi plenty.” 10 E kon beg Jesus make
e nor drive dem komot from di aria.

11 For di mountin side, plenty pig dey der dey chop. 12 So di demon beg
Jesus sey, “Oga God, make yu allow us enter di pig dem body.” 13 So Jesus
kon allow dem. So di evil spirit kom out from di man kon enter di pig
dem. Den di pig dem run pass one low place enter di river and dem rish
2,000 wey die inside di wota.

14 So, di men wey dey guide di pigs for der, run go spread di news for di
town and pipol for di aria kon go look wetin happen. 15 Wen dem waka
kom meet Jesus, dem kon si di man wey demon dey inside am before sidan
for der, e wear klot and en head korrect, so fear katch dem. 16 Pipol wey
si wetin happen to di man wey get demon before kon tell odas wey kom.
17 Den dem beg Jesus make e komot for dia aria.

18 As Jesus dey enter boat, di man wey get demon kon ask weda e fit
follow am. 19 But Jesus nor gri make di man follow dem. Instead e tell
am, “Go yor house go meet yor pipol and make yu tell dem wetin God don
do for yu, bikos God don sorry for yu.” 20 So di man kon go, bigin tok for
di whole village about wetin God do for am and evribody wey hear am,
sopraiz well-well.

*Restorashon And Healin*

21 Wen Jesus don cross go di oda side with boat, plenty pipol kon gada
round am for di wotaside. 22 Den, one oga for di sinagog wey en name bi
Jairus waka kom and wen e si Jesus, e fall for en front 23 dey beg am sey,
“My small dota don nearly die. Make yu kom tosh am, so dat e go well
again.”

24 Jesus and plenty pipol kon follow am and di pipol dey push Jesus
from evry korna. 25 E get one woman among dem wey don dey mestrate
for twelf years naw. 26 Dis woman don sofa well-well for many doctor
hand and e don spend all di money wey e get, but instead of am towel, di
sickness kon dey worse more-more. 27 Wen e hear about Jesus, e waka go
where Jesus dey kon manage tosh en klot. 28 Bikos e tok for en mind sey,

"If I go fit tosh en klot, I go well." 29 At wons, di blood kon stop and e feel
am for en body sey e don well.
30 Na wons, Jesus know sey pawa komot for en body. E kon turn round
ask di pipol, "Who tosh my klot?"
31 En disciples kon ansa am, "Yu si all dis plenty pipol dey push yu and
yu dey ask, 'Who tosh mi?' "
32 But e kon dey look evriwhere make e for si di pesin wey tosh am.
33 Fear katch di woman wen e know wetin happen to am, so e kom meet
Jesus, knee down for en front kon tell am evritin wey happen. 34 So Jesus
tell am, "My pikin, yor faith don make yu well. Make peace follow yu and
make yu well finish."
35 As Jesus still dey tok, pipol from Jairus house waka kom tell Jairus sey,
"Yor dota don die. Why yu still dey worry di tisha?"
36 Jesus nor listin to dem, but e kon tell di man, "Make yu nor fear, but
make yu just bilive."
37 Jesus nor let anybody follow am espect Pita, James and John, wey bi
James broda. 38 Dem kon rish Jairus house kon si plenty pipol dey make
nois, dey kry. 39 Wen Jesus enter, e tell dem, "Why una dey kry like dis?
Di pikin neva die, e just dey sleep." 40 Dem kon dey laf am.
Jesus drive dem go outside, kon take di pikin papa and mama with di
disciples wey follow am go inside di room where di pikin dead body dey.
41 Den e whole di pikin hand small-small kon tell am, "Talita kumi," wey
mean "Small girl, get up." 42 Di girl (wey bi twelf years dat time) kon get up
at wons bigin waka round di house. Evribody sopraiz for wetin happen.
43 But Jesus warm dem well-well sey, make dem nor let anybody know
wetin happen so, den e kon tell dem make dem give di pikin food chop.

# 6

### *Dem Rijet Jesus For Nazaret*

1 Jesus kon komot for dat place go en house town with en disciples. 2 Wen
Sabat Day rish, e kon start to tish for di sinagog.
Many pipol wey hear am sopraiz, dey sey, "Where e for get dis kind
sense? Wish kind wisdom God gi-am? And wetin bi all dis mirakle wey e
dey do so? 3 Nor bi di karpenter, wey Mary born bi dis? Nor bi en brodas
bi James, Josef, Judas and Simon? Nor bi en sistas dey with us so?" So
dem kon dey vex for am.
4 Den Jesus tell dem, "Na only for profet town, among en own pipol and
for en own family na-im di profet nor dey get respet." 5 Jesus nor fit do
any mirakle for der, so e only tosh some pipol wey nor well kon heal dem.
6 Jesus sopraiz, bikos dem nor bilive am. So e komot from der go oda
village wey near der kon tish dem.

### *Jesus Send En Twelf Disciples Go Prish*

7 Jesus koll di twelf disciples kon send dem two-by-two. E give dem pawa
to drive evil spirits komot from pipol body.
8 E tell dem make dem only take dia walkin stik for di journey. E sey
make dem nor karry bread, bag or money follow body. 9 E still sey, "Una
fit wear shoe, but make una nor karry estra klot 10 and any house wey
una enter, make una stay der until una komot for di place. 11 If dem nor

welkom una or listin to wetin una dey tok for any place, make una shake
di san komot from una leg as una dey leave der, to show sey dem rijet di
message."
12 So, di disciples go out kon prish sey make evribody turn from sin kom
meet God. 13 Dem drive many demon komot from pipol body and pour oil
for many pipol wey nor well head kon heal dem.

### *How John Di Baptist Take Die*

14 King Herod kon hear wetin dey happen, bikos pipol don know Jesus
name well-well. Some pipol sey, "John wey dey baptize don wake-up from
deat and bikos of dis, e don get pawa to do mirakles."
15 Odas sey, "Na Elijah e bi."

Some kon sey, "E bi like one profet wey dey before."

16 But wen Herod hear am, e sey, "John wey I sey make dem kut en head
komot, don wake-up from deat!"
17 Na Herod send men go arrest John put for prison, bikos of Herodias,
en broda Filip wife wey e marry. 18 Bikos John don tell Herod plenty times
sey, "E nor good as yu marry yor broda wife." 19 So Herodias kon get bad
belle for John and e won kill-am, but e nor fit. 20 Herod dey fear John
well-well, so e dey protet am, bikos e know sey John na holy man wey dey
do wetin God like. Anytime Herod hear John dey prish, en mind go dey
worry am, but e still dey like to listin to am.
21 But one day wen Herod dey do en birtday, en ofisas, en sojas oga dem
and di leaders for Galilee, dey der with am. 22 Wen Herodias dota kom
dance, Herod and di pipol wey e invite kon dey happy well-well.

So di king kon tell di girl, "Make yu ask mi for anytin wey yu wont and
I go give yu." 23 Herod kon promise sey, "Anytin wey yu as mi, I go give
yu, even if e go rish half of my kingdom."
24 So di girl go outside go ask en mama, "Wetin I go ask for?"

Di mama ansa, "Make yu ask for John di Baptist head."

25 Kwik-kwik e rush go meet di king kon tell am wetin e wont, "I wont
John di Baptist head for plate naw."
26 Even doh e pain di king well-well, e nor won rijet wetin di girl ask,
bikos e don promise for evribody present. 27 So di king send di soja wey
dey kill criminals, make e go bring John head kom. So di man go inside di
prison, go kut John head komot. 28 E put di head for plate kon give di girl
and di girl go gi-am to en mama. 29 Wen John disciples hear wetin happen,
dem kom karry en body go beri.

### *Jesus Feed 5,000 Pipol*

30 Den di disciples gada round Jesus kon tell am evritin wey dem don
do and tish. 31 Jesus tell dem, "Make una follow mi make wi go rest for
sometaim", (Bikos many pipol dey-kom-dey-go and time nor dey to chop).
32 So only dem kon enter boat go one place where pipol nor dey. 33 But
many pipol si dem wen dem dey go, so di pipol kon run with leg from all
di towns kon first Jesus and en disciples rish di place. 34 Wen Jesus kom
down from di boat, e si plenty pipol and e kon sorry for dem, bikos dem bi
like animal wey nor get who dey look afta dem. So e kon tish dem many
tins.

35 Wen day don dey dark, en disciples kom meet am sey, "Dis na place
wey pipol nor dey stay and day don dey dark. 36 Make yu send dis pipol
go buy wetin dem go chop for di town and village wey near here."
37 But Jesus ansa, "Make una give dem sometin chop."
Dem kon sey, "Make wi go take two hundred silva koins buy bread give dem chop?"
38 Jesus ask dem, "How many bread una get? Make una go shek."
Wen dem don shek, dem kon ansa, "Na five bread with two fish."
39 Jesus kon tell di pipol make dem share diasef into group, sidan for
grass. 40 So dem sidan for difren-difren group, hundred-hundred, fifty-
fifty. 41 Jesus take di five bread and two fish, e look heaven kon tank God,
den e divide di bread. E give en disciples make dem share am for di pipol
and e kon divide di two fish among dem too. 42 All of dem chop beleful
43 and wen dem gada di fish and bread wey remain, twelf basket full. 44 Di
pipol wey chop di bread, rish 5,000 men.

### *Jesus Waka On-top Wota*

45 So Jesus tell en disciples make dem enter boat cross go di oda side for
Betsaida, den e send di pipol go house. 46 Afta e don tell dem bye-bye, e
kon go pray for one mountin.
47 Wen evening rish, di boat don rish di sea centre, but Jesus still dey
alone for land. 48 E si en disciples dey use all dia pawa dey padol di boat,
bikos di breeze strong well-well. As morning won rish, Jesus waka kom
meet dem, like sey e won pass dem. 49 Wen dem si am dey waka on-top di
wota, dem tink sey na ghost, so dem kon dey shaut, 50 bikos as dem si am,
fear katch dem.
But Jesus tell dem, "Make una heart nor shake! Na mi. Make una nor
fear." 51 Den Jesus enter di boat with dem, den di breeze kon stop. Dem
kon sopraiz well-well, 52 bikos dem konfuse and dem nor undastand how
Jesus take feed 5,000 pipol.

### *Jesus Heal Pipol Wey Nor Well*

53 Afta Jesus and en disciples don cross di river, dem kon rish Gennesaret,
den dem tie dia boat for der. 54 As dem kom down from di boat, pipol kon
si sey na Jesus bi dat. 55 Di pipol run pass all di aria, karry di pipol wey nor
well for mat go where dem hear sey Jesus dey. 56 Anywhere wey Jesus go,
weda na village or town or farm, dem go karry di pipol wey nor well for dia market place kon ask Jesus weda dem go fit tosh en klot and evribody wey tosh am, kon well.

## 7

### *Di Farisee Tradishon*

1 Di Farisee pipol and some law tishas, wey kom from Jerusalem gada for
where Jesus dey. 2 Dem kon si sey Jesus disciples dey chop bread wen dem
neva wosh dia hand. 3 (Bikos di Farisee and Jew pipol, nor dey chop unless
dem wosh dia hand akordin to dia tradishon. 4 And wen dem kom back
from market, dem nor dey chop unless dem first wosh dia hand. Dem still dey follow many oda tradishons, like to wosh cup, kettol and chair wey dem dey sidan put chop.)

5 Di Farisee pipol and di law tishas kon ask Jesus, "Why yor disciples
nor dey do akordin to awa tradishon, but instead dem dey chop with dirty
hand?"
6 Jesus ansa dem, "Di tin wey Profet Isaya profesai about una, na true,
bikos una dey pritend, as dem rite for God word,
" 'Dis pipol dey praiz Mi with dia mout,
but dia heart dey far from Mi.
7 Dem dey woship Mi for nor-tin,
dey tish sey make pipol obey human being law.
8 Dem nor dey respet God law, but dem dey obey human being law.' "
9 Jesus still tell dem, "Una rijet God kommandment, so dat una go fit
keep una own. 10 Bikos Moses sey, 'Make yu respet yor papa and mama'
and 'Anybody wey curse en papa or mama, dem must kill-am.' 11 But una
sey e dey okay for pesin to tell en papa and mama sey, 'Make yu nor vex, I
nor fit help yu, bikos di money wey I suppose give yu, I don gi-am to God.'
12 So, like dis, una nor go let di pesin do good for en mama or papa. 13 Na
so una dey use una tradishon wey una dey tish pipol take dey spoil God
word. And una still dey do many tins like dis."
14 Den Jesus koll di pipol again sey, "Evribody, listin to mi make una
for undastand wetin I dey tok. 15 Nor bi wetin enter inside pesin body go
make am dirty for God eye, instead na wetin kom out from en mout, dey
make am dirty. 16 Anybody wey get ear, make e hear wetin I dey tok."
17 Wen Jesus leave di pipol enter house, en disciples kon ask am about di
parabol. 18 E kon tell dem, "Na so una fool rish? Una nor know sey anytin
wey from outside enter pesin belle nor go fit make am dirty for God eye?
19 Bikos nor bi di pesin heart e dey enter, na en belle and e go shit am
komot. (Dis one mean sey all food dey klean.)"
20 Jesus kon sey, "Wetin kom out from pesin heart, naim dey make am
dirty. 21 Bikos to sleep with who yu nor marry, to tif, to kill pesin, 22 to sleep
with anoda pesin husband or wife, long-trot, evil tins, to deceive pesin, to
dey misbihave, jealousy, to spoil anoda pesin, to karry body up and to do
foolish tins, na from inside pesin heart all dis bad-bad tins dey from kom.
23 All dis evil tins dey kom from inside pesin and na dem dey make pesin
dirty for God eye."

### *One Woman Faith*

24 Afta Jesus komot from der, e kon go di aria wey dem dey koll Tyre.
Wen e enter one house, e nor wont make anybody know sey e dey der,
but e nor fit hide. 25 One woman wey evil spirit dey worry en dota kon
hear about Jesus and e kom meet am kon fall for en front. 26 Di woman na
Greek wey kom from Sirofoenicia. E kon beg Jesus make e drive di demon
komot from en pikin body.
27 But Jesus tell am, "Make di shidren chop beleful first, bikos e nor good
to take shidren food give dog."
28 Di woman ansa, "Yes, Oga God, but even dogs dey chop di small-small
food wey dey fall from shidren plate."
29 Jesus kon tell am, "Since yor faith strong rish to tok like dis, make yu
dey go. Di demon don komot from yor pikin body."
30 Wen di woman rish house, e kon si en pikin sleep for bed and di
demon don leave am.

### *Jesus Heal Deaf And Dumb Pesin*

31 Den Jesus komot from Tyre kon pass Sidon go Galilee Sea for Dekapolis
aria. 32 Some pipol karry one man wey nor dey hear or tok kom meet am
sey make e tosh di man with en hand.
33 Wen Jesus don take di man go korna for where pipol nor dey, e kon
put en two fingers inside di man ear, e spit for en hand kon tosh di man
tongue. 34 Den e look heaven kon sey, "Efratah!" (wey mean, "Make yu
open"). 35 At wons, di man ear open, en tongue luz and e kon start to tok.
36 Jesus kon sey make dem nor tell anybody wetin happen. But dem kon
dey tok am for evriwhere. 37 Pipol sopraiz well-well dey sey, "Jesus don do
evritin well. E even make di pipol wey nor dey hear, hear and pipol wey
nor fit tok, e don make dem dey tok."

# 8

### *Jesus Feed For Tazon Pipol*

1 Dat time, plenty pipol gada and nor-tin dey for dem to chop. So Jesus
koll en disciples tell dem, 2 "I dey sorry for dis pipol, bikos dem don dey
here with mi for three days naw and dem nor get anytin to chop. 3 If I
send dem go with honga, dem go faint for road and some kom from far
place."
4 Jesus disciples kon sey, "Where pesin go fit si bread buy wey go rish
dis pipol chop, since pipol nor dey stay dis place wey bi wildaness?"
5 Jesus ask dem, "How many bread una get?"
Dem ansa, "Na seven."
6 Den Jesus sey make di pipol sidan for groun. Afta e take di seven bread
tank God, e kon divide am give en disciples, sey make dem share am for
di pipol. 7 Dem still get some small-small fish too and afta Jesus don tank
God, e kon tell en disciples make dem share am for di pipol too. 8 Evribody
chop beleful and di ones wey dem gada, full seven basket. 9 All di pipol
wey chop rish 4,000 men. Den, Jesus kon send dem go house. 10 En and
en disciples kon enter boat go Dalmanuta aria.

### *Pipol Ask For Sign*

11 Di Farisee pipol kon dey argue with Jesus sey make e show dem sign
from heaven, bikos dem won try am. 12 Jesus kon ask dem, "Why pipol
for dis world naw dey ask for sign? Make I tell una true word, dem nor
go get any sign." 13 Den e kon leave dem enter boat go di oda side.

### *Herod And Di Farisee Pipol Yist*

14 Jesus disciples forget to take bread join di ones wey dey with dem
inside di boat. 15 Jesus kon tell dem, "Make una shine una eye, so dat una
go guide unasef against di Farisee pipol and Herod yist!"
16 So, dem kon dey tok to each oda about di bread wey dem nor take
follow body.
17 Wen Jesus know wetin dem dey tok, e kon tell dem, "Why una dey tok
about bread wey una nor take? Una nor dey si or undastand? Na so una
foolish rish? 18 Una get eye, but una nor fit take am si? Una get ear, but
una nor fit take am hear? Una nor dey remember anytin at-all? 19 Wen I
divide five bread for 5,000 pipol, how many basket una gada wen di pipol
don chop finish?"

Dem ansa, "Na twelf." 20 "Den, wen I divide seven bread for 4,000 pipol,
how many basket una gada wen di pipol don chop finish?"
Dem ansa, "Na seven."
21 Den Jesus tell dem, "Una neva still undastand?"

### *Jesus Heal Blind Man For Betsaida*

22 Wen dem rish Betsaida, dem bring one man wey nor dey si kom meet
Jesus make e tosh am. 23 E hold di man for hand kon take am go outside
di village. Jesus spit for di man eye kon tosh am, den ask am, "Yu dey si
anytin?"
24 Di man look up kon sey, "Yes, I dey si pipol, but dem bi like tree wey
dey waka about."
25 Jesus tosh di man eye again. Di man eye kon open and e kon dey si
well-well. 26 E kon tell di man make e dey go en house, but e warn am sey,
"Make yu nor go inside di village again."

### *Pita Tok Who Jesus Bi*

27 Jesus and en disciples kon go di village dem wey dey Caesaria Filippi.
As dem dey go for road, e kon ask en disciples, "Na who pipol dey sey I bi
sef?"
28 Dem ansa, "Some sey yu bi John di Baptist, odas sey, yu bi Elijah and
some still sey, yu bi one for di profets."
29 Jesus ask dem again, "But who una sey I bi?"
Pita kon ansa, "Yu bi di Mezaya."
30 Den e warn dem make dem nor tell anybody who e bi.

### *Jesus Deat And Resureshon*

31 Den Jesus bigin tish dem sey, "Man Pikin must sofa many tins, bikos
di eldas, di priest oga dem and di law tishas go kill-am and afta three days,
e go wake-up from deat." 32 As e nor hide dis tins from dem, Pita koll am
go korna kon tell am, "Wetin yu dey tok so nor good o-o."
33 But Jesus turn look en disciples kon shaut for Pita, "Satan! Make yu go
my back, bikos yu nor put yor mind for wetin God wont. Na wetin human
being wont, na der yor mind dey."

### *How To Follow Jesus*

34 Den Jesus koll di pipol with en disciples kon tell dem, "If anybody one
follow mi, e must deny ensef, karry en cross, den kon follow mi. 35 Bikos
anybody wey won save en life, go luz am and anybody wey luz en life
bikos of mi and dis gospel, go save am. 36 Wetin pesin go gain if e get di
whole world and e luz en soul? 37 Wetin pesin fit use take eschnage for
en life? 38 If anybody shame for mi and wetin I dey tish for dis world wey
wiked and ashawo pipol dey, Man Pikin go shame for am too, wen e go
kom back for en Papa and en holy angels glory."

## 9

### *Jesus Body Shange*

1 Jesus kon tell dem, "I tell una true word, some pipol dey here wey nor
go die until dem don si God Kingdom and en pawa."
2 Afta six days, Jesus, Pita, James and John kon go one high mountin. E
kon shange for dia front, 3 en klot kon dey shine well-well and e white pass

how any dri-cleaner go fit wosh am. 4 Den Elijah and Moses kon appear
for dia front dey tok with Jesus.
5 So, Pita tell Jesus, “Tisha, e good make wi stay here. Make wi build
three tent, one for yu, one for Moses and one for Elijah.” 6 (Dem dey fear
and dem nor know wetin to tok.)
7 Den, kloud kover dem and one vois kon tok from di kloud sey, “Dis na
My only pikin wey I love. Make una listin to am!”
8 Wen dem look round, dem nor si anybody escept Jesus.
9 As dem dey kom down from di mountin, Jesus kon tell dem make dem
nor tell anybody wetin dem si, until Man Pikin go don wake-up from deat.
10 Den dem kon dey tok with each oda about wetin dis “Wake-up from
deat” mean.
11 Dem ask Jesus, “Wetin make di law tishas dey sey Elijah go first kom?”
12 Jesus ansa dem, “True-true, Elijah go first kom, make e for prepare
evritin. Naim make dem rite for God word sey, ‘Man Pikin must sofa
many tins and dem must hate am?’ 13 But I dey tell una naw sey, Elijah
don kom true-true and dem don do am wetin dem like, just as God tok for
en word.”

### *Di Disciples Nor Fit Heal*

14 Wen Jesus, Pita, James and John kom meet di oda disciples, dem si
many pipol and di law tishas gada, dey argue with dem. 15 Wen di pipol si
Jesus, dem sopraiz kon run kwik-kwik go greet am.
16 Jesus ask dem, “Wetin una dey argue about?”
17 One pesin among di pipol kon ansa, “Tisha, I bring my pikin wey get
demon wey dey make am nor fit tok, kom meet yu. 18 Anytime di spirit
seize am, e go trow am down and e go dey bring foam from en mout, dey
grind en tit and en body go kon strait. I tell yor disciples make dem drive
di demon komot, but dem nor fit.”
19 Jesus kon ask en disciples, “Una wey nor bilive! How long I go stay
with una? How long I go dey bear with una? Make una bring di boy kom
meet mi.”
20 So, dem take di boy go meet am. Wen di spirit si Jesus, e kwik-kwik
trow di boy for groun kon make am dey shake. Di boy fall for groun, dey
roll and foam dey komot from en mout.
21 Jesus ask di boy papa, “Since wen dis tin don dey do am?”
Di papa ansa, “Na since e bi small pikin. 22 Di spirit dey always trow
am inside fire or wota make e for die. But if yu go fit do anytin, make yu
sorry for am and help us.”
23 Den Jesus ask am, “Yu mean, ‘If I fit?’ Evritin dey possibol for di pesin
wey bilive.”
24 Kwik-kwik di boy papa kon shaut, “I bilive o-o! Help mi make I bilive
more-more!”
25 Wen Jesus si sey pipol dey gada, e kon tell di evil spirit, “Yu deaf and
dumb spirit, I kommand make yu kom out from di boy and nor enter en
body again.”
26 Di demon shaut, shake di boy well-well kon komot from en body. Di
boy sleep for groun sotey many pipol kon dey sey, “E don die!” 27 But Jesus
whole di boy hand small-small, karry am up and di boy kon stand up.
28 Wen e enter di house, en disciples kon ask am, “Why wi nor fit drive
di demon komot?”

29 Jesus ansa dem, “Na only with prayer and fasting dis kind one dey
take komot.”

### *Jesus Tok About En Deat And Resureshon Again*

30 Jesus and en disciples kon komot from der pass Galilee. But Jesus
nor wont make anybody know, 31 bikos e dey tish and tell en disciples sey,
“Dem go sell Man Pikin give human being. Dem go kill-am and afta three
days, e go wake-up again.” 32 But di disciples nor undastand wetin Jesus
tok and fear nor let dem ask am wetin e mean.

### *Kweshon About Who Big Pass*

33 Dem kon rish Kapanaum. So, wen Jesus don enter house, e kon ask
en disciples, “Wetin una dey tok for road?” 34 But dem nor ansa, bikos
wen dem dey kom for road, na who big pass among dem, dem dey argue
about.

35 Afta Jesus sidan, e koll en twelf disciples kon tell dem, “If anybody
among una won bi first, e go bi di last and e go bi evribody savant.”

36 E kon koll one small pikin stand for dia front. Den e whole di pikin
hand, kon sey, 37 “Anybody wey welkom one of dis small pikin bikos of mi,
na mi e welkom and anybody wey welkom mi, nor bi mi alone e welkom,
but na my Papa wey send mi.”

### *Pipol Wey Dey Jesus Side*

38 John kon tell am, “Tisha, wi si one man wey use yor name dey drive
demon komot from inside pipol body and wi kon try to stop am, bikos e
nor dey follow us waka.”

39 But Jesus tell dem, “Make una nor stop am, bikos nobody wey use my
name do mirakle go fit tok bad tin about mi. 40 Bikos anybody wey nor
dey against us, dey for awa side. 41 I tell una true word, anybody wey give
yu cup of wota bikos yu dey follow mi, nor go ever luz en reward.

42 “If anybody make one among dis small pikin wey bilive mi kommit
sin, e go betta make dem tie big stone for en neck kon trow am inside river.
43 If yor hand go make yu sin, make yu kut am komot! E betta make yu
enter inside God Kingdom with one hand, dan to get two hand kon enter
hell-fire wey nor go ever kwensh, 44 di place wey get worm wey nor dey
die and di fire nor dey kwensh. 45 If yor leg go make yu sin, make yu kut
am komot. E betta make yu enter God Kingdom with one leg, dan to get
two leg kon enter hell-fire wey nor dey ever kwensh, 46 di place wey get
worm wey nor dey die and di fire nor dey kwensh. 47 If yor eye go make
yu sin, make yu pul am komot! E betta make yu enter God Kingdom with
one eye, dan to get two eye kon enter hell-fire wey nor dey ever kwensh,
48 “di place wey get worm wey nor dey die
and di fire nor dey kwensh.
49 God go try evribody with fire.

50 “Salt good, but if e nor get taste again, how pesin go fit take make am
sweet? Make una get salt inside una and make una dey live for peace with
each oda.”

## 10

### *Divorce*

1 Jesus komot for dat place go Judea and Jordan River aria. Plenty pipol
still gada kom meet am. E kon bigin tish dem as e dey do evritime.

2 Den, some Farisee pipol wey won test am kon ask am, “E bad make
man drive en wife at-all?”

3 Jesus ask dem, “Wetin Moses kommand una?”

4 Dem ansa, “Moses sey make man rite leta to divorce en wife.”

5 But Jesus tell dem, “E tell una to do so, bikos una heart strong well-well.
6 But from di time God kreate di world, na man and woman naim E make.
7 Na dis make man dey leave en papa and mama go join en wife 8 and di
two of dem go bi one. So dem nor go bi two again, but dem go bi one body.
9 So, wetin God don join togeda, make nobody separate am.”

10 Wen dem enter di house again, en disciples kon ask am about di
matter. 11 Jesus ansa dem, “Anybody wey drive en wife, den e go marry
anoda woman, don kommit adultery. 12 And any woman wey leave en
husband, den e go marry anoda man, don kommit adultery too.”

### *Jesus And Small-small Shidren*

13 Pipol kon dey bring shidren kom meet Jesus make e tosh dem, but en
disciples dey shaut for di pipol wey bring dem kom. 14 But wen Jesus si
wetin dey happen, e vex kon tell en disciples, “Make una allow small-small
shidren kom meet mi, nor stop dem, bikos na pipol like dem, go enter God
Kingdom. 15 I tell una true word, anybody wey nor receive God Kingdom
like small shidren, nor go ever enter inside.” 16 Afta, Jesus draw di shidren
near body kon bless dem.

### *Di Rish Man*

17 As Jesus dey waka for road, one man run kom meet am sey, “Good
Tisha, wetin I go do make I for get life wey nor dey end?”

18 Jesus ansa am, “Why yu dey koll mi good? Nobody good espect God.
19 Yu know di kommandment; nor kill pesin, nor sleep with pesin wey yu
nor marry, nor tif, nor lie for pesin head, nor shit pesin, respet yor papa
and mama.”

20 Di man kon tell Jesus, “Tisha, I dey obey all dis law with all my heart
since I bi small pikin.”

21 As Jesus look am, e kon feel for am, den e tell am, “E get one tin wey
yu neva do. Go sell all wetin yu get, give poor pipol di money and yu go
get plenty propaty for heaven. Den make yu kom follow mi.”

22 Wen di man hear dis word, e vex komot der, bikos e get plenty money.

23 Den Jesus look round kon tell en disciples, “E go hard well-well for
pipol wey get money well-well to enter God Kingdom!”

24 Di disciple sopraiz for wetin Jesus tok. But Jesus tell dem again, “My
shidren, e go hard well-well to enter God Kingdom o-o! 25 E go dey eazy
for kamel to pass nidol whole, dan for pipol wey get money well-well to
enter God Kingdom.”

26 Dem sopraiz more-more kon dey ask each oda, “Den, who God go
save?”

27 Jesus look dem kon ansa, “Dis tins hard well-well for human being,
but nor bi for God, bikos evritin dey possibol for God.”

28 Pita kon tell am, “Si! Wot of wi wey don leave evritin wey wi get kon
follow yu?”

29 Jesus ansa, "I tell una true word, e nor get anybody wey leave en
house, brodas, sistas, papa, mama, shidren or land bikos of di gospel,
30 wey nor go receive hundred times more dan di house, brodas, sistas,
papa, mama, shidren and land wey e leave for dis world. Aldo e nor go
eazy for dem, but di life wey nor go end for di world wey dey kom, go bi
dia own. 31 But many pipol wey bi first naw, go bi last and pipol wey bi
last naw, go bi first."

*Jesus Tok About En Deat And Resureshon Again*

32 Jesus and en disciples kon dey go Jerusalem. As Jesus dey waka for
dia front, di disciples konfuse and doz wey dey follow dem kon dey fear,
bikos dem nor know wetin go happen for der. Jesus koll en twelf disciples
go korna again kon bigin tell dem wetin go happen to am. 33 "Si, wi dey
go Jerusalem and dem go sell Man Pikin give di priest oga dem and di law
tishas. Dem go kondemn am and dem go gi-am to di Gentile pipol. 34 Dem
go laf am, spit for en body, flog am well-well kon kill-am, but afta three
days, e go wake-up."

*James and John Beg Jesus*

35 Zebedee shidren, James and John, kom meet Jesus sey, "Tisha, wi wont
make yu do wetin wi won beg yu."

36 Jesus kon ask dem, "Wetin una wont make I do for una?"

37 Dem ansa, "Make yu allow us sidan with yu for yor kingdom, one for
yor rite and di oda for yor left hand."

38 Jesus ask dem, "Una know wetin una dey ask for so? Una go fit drink
from di cup wey I go drink from? Abi una go fit bear di baptizim wey dem
go baptize mi?"

39 Dem ansa, "Wi go fit." Den Jesus tell dem, "Una go really drink from
di cup wey I go drink from and una go fit bear di baptizim wey dem go
baptize mi, 40 but nor bi mi go tok who go sidan for my left or rite side,
bikos e get di pipol wey God prepare am for."

41 Wen di oda ten disciples hear wetin Zebedee shidren tell Jesus, dem
kon dey vex for dem. 42 Jesus koll and tell dem, "Una know sey pipol
wey dey rule di Gentile pipol dey do oga for dem and pipol wey dey high
place dey use dia pozishon dey opress pipol. 43 But nor bi so e suppose
bi among una. Anybody wey won bi oga among una, must bi una savant
44 and anybody wey won bi first among una, must bi evribody savant.
45 Bikos even Man Pikin nor kom make dem serve am, but e kom to serve
pipol and to give en life make many pipol for dey save."

*Jesus Heal Bartimaeus Wey Blind*

46 Dem kon go Jeriko. As Jesus and en disciples with plenty pipol dey
komot for der, Bartimaeus wey bi Timaeus pikin, one beggar wey blind,
sidan for road dey beg. 47 Wen e hear sey na Jesus wey kom from Nazaret
dey pass, e kon bigin shaut, "Jesus Christ, David pikin, make yu sorry for
mi o-o!"

48 Many pipol kon dey shaut for am make e kwayet, but e kon dey shaut
more-more sey, "David pikin, sorry for mi o-o!"

49 Jesus stop kon sey, "Make una koll am kom." So, dem tell di blind man,
"Make yu happy! Get up bikos Jesus dey koll yu." 50 Bartimaeus trowey di
klot wey e take kover body kon jump up go meet Jesus.

51 Den Jesus ask am, “Wetin yu wont make I do for yu?”
Di blind man ansa, “Tisha, make my eye open, make I for fit si again.”
52 So, Jesus tell am, “Go, yor faith don heal yu.” At wons, di man kon
dey si and e kon follow Jesus.

# 11

*Jesus Enter Jerusalem*

1 As Jesus and en disciples won enter Jerusalem, dem kon rish Betpage
and Betany wey near Mount Olives, so Jesus send en two disciples go for
dia front 2 kon tell dem, “Make una go di village wey dey for front. As una
enter, una go si one small donkey wey dem tie for der, wey anybody neva
ride before. Make una luz am kom. 3 If anybody ask una, ‘Why una dey
luz am?’ Make una sey, ‘Di oga nid am naw. Wi go bring am back leta.’ ”
4 So dem go kon si small donkey wey dem tie near one door for road and
dem kon luz am. 5 Some pipol wey stand for der kon ask dem, “Why una
dey luz dat small donkey?” 6 Dem kon tok as Jesus sey make dem tok, so
di pipol kon let dem go. 7 Dem bring di small donkey kom meet Jesus kon
spread dia klot on-top am, den Jesus kon sidan put. 8 Many pipol spread
dia klot for road and some oda pipol spread palm leafs wey dem kut from
bush. 9 Di pipol wey dey front and di ones wey dey follow am for back
kon dey shaut,

“Hosanna!
God don bless di King wey dey kom with en name.
10 God don bless awa papa David kingdom wey dey kom.
Hosanna, wi hail o-o!”

11 Jesus enter Jerusalem kon go inside di temple. Afta e don look evritin
wey dey der, e kon go Betany with en twelf disciples, bikos day don dey
dark.

*Jesus Curse Di Fig Tree*

12 Di next day, as dem dey komot for Betany, Jesus kon dey hongry. 13 E
si one fig tree from far wey get plenty leafs, so e kon waka go look weda
fruit dey for di tree. Wen e rish der, e si sey nor-tin dey di tree, na only
leafs e get, bikos fig sizin neva rish. 14 E kon tell di tree, “Pipol nor go ever
chop yor fruit again.” And en disciples hear wetin e tok.

*Jesus Klean Di Temple*

15 Wen dem rish Jerusalem, Jesus enter di temple kon drive all di pipol
wey dey sell and buy for di temple varanda. E trowey di pipol wey dey
shange money tabol and di pipol wey dey sell bird, e trowey dia chair
too. 16 Jesus nor let anybody take anytin wey dem dey sell pass di temple
varanda. 17 Den e tell dem, “Dem rite am sey,
“ ‘Pipol go koll My house,
Prayer house for di whole world.’
But una don turn am to where tif dey stay.”
18 Wen di priest oga dem and di law tishas hear wetin e tok, dem kon dey
plan how dem go take kill Jesus, but dem dey fear, bikos di pipol sopraiz
for wetin e dey tish dem.
19 Wen evening rish, Jesus and en disciples kon komot for di town.

*Di Fig Tree Die*

20 For morning, wen Jesus and en disciples dey pass, dem kon si sey di
fig tree don dey die from en rut. 21 Pita remember kon tell Jesus, "Tisha,
look! Di fig tree wey yu curse yestiday don die."
22 Jesus tell dem, "Make una get faith for God. 23 I tell una true word,
if anybody tell dis mountin, 'Komot from here go enter di sea' and di
pesin nor get doubol mind, but bilive sey wetin e tok go happen, God go
do am for am. 24 Na dis make mi dey tell una sey, anytin wey una pray
and ask God for, make una bilive sey una don get am and e go bi una own.
25 Anytime una dey pray, if una get anytin for mind against anybody, make
una forgi-am, so dat una Papa wey dey heaven go forgive una too. 26 But
if una nor gri forgive oda pipol, una Papa wey dey heaven nor go forgive
una."

### *Kweshon About Jesus Authority*

27 Jesus and en disciples go Jerusalem again. Wen Jesus dey waka for di
temple varanda, di priest oga dem, di law tishas and di eldas kom meet
am sey, 28 "Na wish rite yu get to take dey do all dis tins? Who give yu di
pawa?"
29 Jesus ansa dem, "I go ask una one kweshon. If una ansa mi, den I go
tell una wish rite I get to dey do dis tins. 30 John baptizim, na from God,
abi na from pipol e from kom? Make una ansa mi."
31 Dem kon dey tok to each oda, "If wi sey, 'Na from God,' e go sey, 'Den
why una nor bilive am?' 32 But wi nor fit sey, 'Na from pipol.' " bikos wi
dey fear dis pipol, (since dem bilive sey John na profet).
33 So dem ansa Jesus, "Wi nor know."

Den, Jesus sey, "Mi too nor go tell una who give mi di pawa to do all dis tins."

## 12

### *Tenants Parabol*

1 Jesus kon tok to dem with parabol: "One man plant grape for en farm.
E fence am round, dig where dem go dey press di wine put, den kon build
big house wey guide go dey stay. E hire am give tenants wey go dey kare
for di farm kon travel go far. 2 Wen harvest time rish, e send one of en
savant go meet di tenants make dem gi-am en own share for di harvest.
3 But di tenants seize di savant, beat am kon send am go back with empty
hand. 4 Di man still send anoda savant go meet dem. Dem nak en head
kon beat am anyhow. 5 E send anoda one again, dem kon kill-am. Na so
dem beat and kill oda savants wey e send too.
6 "Di man get one pikin wey e love well-well and na dis one remain for
am to send. At last, e kon send am go meet dem dey tok for en mind sey,
'As dis one bi my pikin, dem go respet am.'
7 "But wen di tenants si am dey kom, dem kon sey, 'Na di owner pikin
dey kom so. Make wi kill-am, so dat wi go get all di propaty for awasef.'
8 So dem seize am, kill-am kon trow en body outside di farm.
9 "Na wetin una tink sey di farm owner go do? E go distroy doz tenant
kon give di farm to oda pipol. 10 Una neva read God word wey sey,
" 'Di stone wey di builders rijet,
don turn to di main stone?
11 Dis na wetin God do

and e good for awa eye well-well.' "
12 Naw, dem won kon arrest am, but dem dey fear di pipol, bikos dem
know sey Jesus tok dis parabol against dem. So dem kon waka leave am.

### *Kweshon About Tax*

13 Dem send some Farisee and Herod pipol, make dem find way to katch
Jesus with wetin e go tok. 14 Wen dem meet am, dem kon ask am, "Tisha,
wi know sey yu dey tok trut, yu nor dey do wayo and yu dey tish di trut
about God way. E good make wi dey pay tax give Caesar, abi make wi nor
pay?"
15 But Jesus know dia wayo, so e tell dem, "Why una dey test mi? Make
una bring one koin make I si." 16 So dem bring one koin and Jesus ask
dem, "Wish pesin face and name dey di money so?"
Dem ansa, "Na Caesar own."
17 Jesus tell dem, "Make una give Caesar di tins wey bi Caesar own and
make una give God di tins wey bi God own." Dem sopraiz well-well for
wetin Jesus tok.

### *Marriage and Resureshon*

18 Di Sadusi pipol (wey nor bilive sey pipol go wake-up from deat) kom
meet Jesus tell am, 19 "Tisha, Moses rite give us sey: 'If man broda die and
en wife nor born for am, en broda must marry di woman, make dem for
born shidren for di broda wey don die.' 20 E get seven brodas. Di first
one marry and wen e die, e nor get shidren. 21 Di sekond one kon marry
di woman and e nor still get pikin before e die and na so e happen for di
third one. 22 No one for di seven brodas wey marry di woman get pikin.
At last, di woman too kon die. 23 For di time wey pipol go wake-up from
deat, na wish pesin wife di woman go kon bi, as e bi sey all di seven brodas
marry am?"
24 Jesus ansa dem, "Una nor know sey una dey deceive unasef, bikos
una nor know God word and en pawa. 25 Wen pipol wake-up from deat,
dem nor go marry again, instead dem go bi like angels for heaven. 26 Naw,
for di matter about pipol wey go wake-up, una neva read for di book wey
Moses rite about di bush wey fire dey burn and how God tell Moses, 'Na
Mi bi Abraham, Isaak and Jakob God?' 27 God nor bi God for di pipol wey
don die, but na for di pipol wey dey alive. Na big mistake una dey make
so!"

### *Kommandment Wey Big Pass*

28 So, one man wey sabi di law kon dey hear dem dey argue. Wen e
si sey Jesus dey ansa dem well, e kon ask am, "Wish kommandment big
pass?"
29 Jesus ansa am, "Na dis bi di kommandment wey big pass: 'Make una
listin, Israel pipol, di Oga God, awa God na one e bi. 30 Make una love
God una Oga God with all una heart, soul and all una pawa.' 31 Di sekond
one na, 'Make una love una neighbour as una love unasef.' E nor get any
kommandment wey big pass dis two."
32 Di man wey dey tish di law kon tell Jesus, "Na thru, Tisha. Yu dey
korrect for wetin yu tok, na only God bi Oga God and know oda god dey
apart from am. 33 To love God with all awa heart, mind and pawa and
to love awa neighbour as awasef big pass all di sakrifice and ofrins wey
pesin fit give God."

34 Wen Jesus si sey di man tink well before e ansa, e kon tell di man, "Yu
nor dey far from God Kingdom." From dat time, nobody get di mind to
ask am any kweshon again.

### *Di Mezaya: Na Wish Pesin Pikin E Bi?*

35 As Jesus dey tish for di temple varanda, e kon sey, "Why e bi sey di law
tishas dey sey Christ na David pikin? 36 Di Holy Spirit pawa make David
tok sey,

" 'God tell my Oga God,
sidan for my rite hand
until I go put yor enemies
under yor leg.'

37 If David ensef koll Christ, 'Oga God,' how Christ go kon take bi en pikin
again?"

Di pipol wey gada kon dey listin to am with happiness.

### *Warnin About Pipol Wey Sabi Di Law*

38 Wen Jesus dey tish, e kon sey, "Make una dey kareful about di pipol
wey sabi di law. Dem like to waka about with long klot and dem like loud
greetin for market, 39 di chair wey betta pass for sinagog and high tabol
for party, na der dem dey like sidan put. 40 Woman wey en husband don
die, dem dey kollect en propaty and dem dey pray long prayer make pipol
for si dem. Na dia ponishment go worse pass."

### *Widow Ofrin*

41 Den, Jesus sidan face di ofrin box, dey look as pipol dey put money
inside. Many rish pipol kon dey put plenty money inside. 42 One poor
woman wey e husband don die kon kom, put two koins wey nor rish one
penny for inside di box.

43 Jesus kon koll en disciples sey, "I tell una true word, dis poor woman
wey e husband don die put money wey pass di oda pipol own. 44 Bikos
di oda pipol give dia ofrin from di plenty money wey dem get, but dis
woman, as e poor rish, put evritin wey e get for life."

# 13

### *Dem Go Distroy Di Temple*

1 As Jesus dey komot from di temple varanda, one of en disciple kon sey.
"Tisha, si di fine-fine stone wey dem take build dis house!"

2 Jesus ansa, "Una dey si all dis big house? Dem nor go even leave one
stone on-top anoda. All of dem go skata!"

### *Sign Sey World One End*

3 As Jesus sidan for Mount Olives wey face di temple, Pita, James, John
and Andru kom meet am wen odas nor dey and dem kon sey, 4 "Make yu
tell us wish time dis tins go happen and wetin go bi di sign to show sey di
time for dis tins to happen, don rish?"

5 Jesus ansa dem, "Make una take kare, so dat nobody go deceive una.
6 Many pipol go kom with my name sey, 'Na mi bi Christ' and dem go
deceive many pipol. 7 Wen una hear about war wey dey happen and rumor
sey war won happen, make una nor fear. All dis tins must happen, but time
neva rish wen di world go end. 8 Difren kountries and kingdoms go fight

each oda. Eartkweke and honga go dey for many place. But wen di wahala
won start, e go bi like wen woman won born.

### *Di Disciples Go Sofa*

9 "Make una shine una eye. Dem go take una go kourt and dem go beat
una for sinagog. Bikos of mi, una go stand for govnors and kings front,
so dat una go fit tell dem about mi. 10 Before di world go end, pipol must
first prish di gospel for evry kountry for dis world. 11 Wen dem arrest una
karry go kourt, make una nor worry about wetin una go tok. God go give
una wetin to tok for dat time, bikos nor bi una go tok, but na di Holy Spirit
go tok thru una.
12 "Broda go betray en broda make dem kill-am and papa go sell en pikin.
Shidren go betray dia papa and mama and dem go kill dem. 13 Evribody
go hate una bikos of my name. But di pesin wey go fit bear rish end, go
dey save."

### *Bad Tins Wey Go Happen*

14 "Wen una si wetin nor suppose happen dey happen for di Holy Place
(make di pesin wey dey read, know wetin dis word mean), den doz wey
dey Judea, must run go mountin. 15 Make di pesin wey dey on-top house
nor kom down or go inside en house go kollect anytin. 16 Make di pesin
wey dey farm nor go back to en house go kollect klot. 17 For dat time, e
go bad well-well for wimen wey get belle and doz with pikin wey still dey
suck breast! 18 Make una pray sey dis tins nor go happen for di time wen
kold dey well-well. 19 Bikos wen dis tins go dey happen, di kind sofa wey
go dey, neva dey since wen God kreate dis world and dat kind sofa, nor
go dey again. 20 If God nor kut doz days short, nobody go save. But bikos
of di pipol wey God don choose, E don make doz days short. 21 Dat time,
if anybody tell una, 'Look! Make una si Jesus for here!' or 'Si am for der!'
make una nor bilive dem. 22 Bikos fake christs and profets go kom and
dem go do signs and mirakles wey bi like majik to deceive pipol. If to sey
e possibol, dem go deceive di pipol wey God don choose. 23 Make una take
kare! I don tell una evritin before di time go rish."

### *Wen Man Pikin Go Kom*

24 "But for dat time, afta di sofa,
"di sun go dark
  and di moon nor go shine again.
25 Di stars go fall from heaven
  and di pawa wey dey whole di sky, go shake.
26 "Den evribody go si Man Pikin dey kom from inside kloud with strong
pawa and glory. 27 Den, God go send en angels go gada di pipol wey E don
choose from di for korna for di world go rish heaven."

### *Di Fig Tree Parabol*

28 "Make una learn wetin dis fig tree parabol mean: Wen en branches
don dey soft and en leaf dey fall komot, make una know sey dry sizin don
near. 29 So wen unasef si dis tins dey happen, make una know sey di time
wey Man Pikin go kom, don near. 30 I tell una true word, di pipol for dis
time nor go die finish before all dis tins go happen. 31 Heaven and eart go
vanish, but my word go dey forever."

### *Make Una Dey Ready!*

32 "Di day or di time wen dis tins go happen, nobody know am, even
angels for heaven nor know and God Pikin sef nor know too. Na only
di Papa, for heaven know am. 33 Make una dey wosh and shine una eye,
bikos una nor know wen di time go rish. 34 E go bi like wen man dey travel
go far. E leave en house make en savant look am, give dem work do kon
tell di gateman make e wosh en house.

35 "So make una shine una eye, bikos una nor know wen di house owner
go kom back, weda na for evening, nite, morning or wen day don break.
36 If not, e go fit kom back wen una nor espect and e go meet una dey
sleep. 37 Wetin I dey tell una so, I dey tell evribody. So make una shine
una eye!"

# 14

### *Dem Plan Against Jesus*

1 Two days before Passova and di Bread wey nor get yist Feast, di priest
oga dem and di law tishas kon dey find as dem go take arrest Jesus, make
dem for kill-am. 2 Dem sey, "Make wi nor do am naw wen dem dey do di
Feast, so dat pipol nor go rayot."

### *Mary Anoint Jesus For Betany*

3 Wen Jesus dey Betany for Simon house (wey get leprosy before), e sidan
with dem to chop, naim one woman bring oil inside alabasta box kom, di
oil dear well-well and dey send fine. Afta e don open di kontaina, e pour
di oil for Jesus head.

4 But some pipol wey dey der kon dey vex, dey tell each oda, "Why dis
woman dey waste oil wey dear well-well like dis? 5 Dem for sell am pass
three hundred silva koins and give di money to poor pipol!" So, dem kon
vex dey tok to di woman anyhow.

6 But Jesus ansa dem, "Make una leave di woman alone. Why una dey
wori-am? Na good tin e do for mi so o-o! 7 Poor pipol go always dey with
una and una go fit do good for dem anytime una like. But mi, I nor go dey
with una always! 8 Dis woman don do wetin e fit do. E anoint my body to
prepare mi for beri before di time go rish. 9 I tell una true word, anywhere
wey dem go prish dis gospel for di whole world, pipol go tok about dis tin
wey dis woman don do so."

### *Dem Plan To Sell Jesus*

10 Den Judas Iskariot, wey dey among Jesus disciples, kon go meet di
priest oga dem sey e won sell Jesus give dem. 11 Wen dem hear am, dem
happy well-well kon promise am money. So, Judas kon bigin find how e
go fit take sell Jesus give dem.

### *Passova Feast*

12 Di day wen dem start di Bread wey nor get yist feast and wey dem dey
sakrifice small sheep, Jesus disciples kon ask am, "Where yu wont make
wi prepare for yu to chop Passova food?"

13 Jesus send two disciples go for front kon tell dem, "Wen una enter di
town, una go si one man wey karry wota kontaina. Make una follow am.
14 Di house wey e go enter, make una tell di pesin wey get am sey, 'Di Tisha
sey make wi ask, "Where di room wey mi and my disciples go for chop

Passova food?” ’ 15 E go show una one big room for upstair where tabol
and chairs dey. Make una prepare evritin for der.”
16 So en disciples go di town and dem si evritin just as Jesus tell dem sey
e go bi, dem kon prepare di Passova food for der.
17 Wen evening rish, Jesus kon go di house with en twelf disciples. 18 As
dem dey chop for di tabol, Jesus kon sey, “I tell una true word, one of una
wey dey chop with mi, go sell mi give my enemies.”
19 Wetin Jesus tok kon dey worry di disciples for mind, so dem kon dey
ask am one-by-one, “Oga God! Na mi?”
20 Jesus ansa, “Na one of una wey dey follow mi chop for di same plate.
21 Man Pikin go die as dem rite for God word about am, but curse dey di
pesin head wey go sell am. E for betta sey dem nor born dat pesin at-all.”

### *Di Holy Kommunion*

22 As dem dey chop, Jesus take bread, tank God, den divide am give en
disciples kon sey, “Make una take and chop, bikos dis na my body.”
23 Afta, e take cup, tank God, den e give en disciples and all of dem, drink
from inside.
24 E kon tell dem, “Dis na my blood, di kovenant blood wey I pour for
evribody. 25 I tell una true word, I nor go drink wine again, until di day
wen I go drink di new wine for God Kingdom.”
26 Afta dem don sing one hymn, dem kon enter inside Mount Olives.

### *Jesus Sey Pita Go Deny Am*

27 Jesus kon tell en disciples, “Una go run leave mi, bikos God word sey,
“ ‘I go kill di pesin wey dey look di sheep
and di sheep go skata.’
28 But afta God don wake mi up from deat, I go-go una front, go wait una
for Galilee.”
29 Pita kon sey, “Even if odas run leave yu, I nor go run leave yu o-o!”
30 Jesus ansa am, “I tell yu di trut, today, for dis nite, before fawol go do
‘Kukuruku’ two times, yu go don deny mi three times.”
31 But Pita still sey, “Even if I go die with yu, I nor go ever deny yu.” All
of dem still tok di same tin.

### *Jesus Pray Inside Getsemani*

32 Jesus and en disciples kon go one place wey dem dey koll Getsemani
and Jesus tell dem, “Make una sidan for here, bikos I won go pray.” 33 E
take Pita, James and John follow body. E mind kon dey trobol am and e
nor dey happy. 34 E kon tell dem, “My heart dey heavy well-well like sey I
won die. So, make una stay here dey wosh.”
35 E waka go front small kon fall face groun, bigin pray, “Papa! If yu
wont, make yu let dis sofa pass mi.” 36 Jesus kon pray, “My Papa, e nor get
wetin yu nor fit do. Make yu take dis sofa cup from mi. But nor bi as I
wont am, but na as yu wont.”
37 Wen Jesus kom back, e meet en disciples dey sleep, so e tell Pita,
“Simon, yu dey sleep? Yu nor fit stay make yu nor sleep for one hour?
38 Make yu nor sleep, but dey pray make yu nor for fall enter temptashon.
Man spirit won pray, but en body dey weak.”
39 E komot again, go pray as e pray before. 40 Wen e kom back again, e
si sey dem still dey sleep; dem nor dey pray, so dem nor know wetin to
tell am.

41 E kom di third time kon ask dem, "Una still dey sleep? Di sleep don
do, bikos time don rish! Make una si, dem don sell Man Pikin give sinnas.
42 Make una get up make wi dey go. Si, di pesin wey won sell mi, dey
kom!"

### *Dem Arrest Jesus*

43 As Jesus still dey tok, Judas, one of di twelf disciples kon kom with
plenty pipol wey di priest oga dem, di law tishas and di eldas send and all
of dem karry swod and big-big stik.
44 (By dis time, di man wey won sell Jesus don give dem sign sey, "Di
pesin wey I go kiss, naim bi di man. Make una arrest and hold am well-
well.") 45 Wen Judas kom, e go meet Jesus kon sey, "Tisha!" Den e kiss am.
46 So, di pipol kon seize and arrest Jesus. 47 One pesin wey stand for der
kon take en swod kut di High Priest savant ear komot.
48 Jesus kon tell dem, "Na mi una karry swod and big-big stik kom arrest
like sey I bi tif? 49 I dey with una evriday for di temple dey tish, but una
nor arrest mi den." Dis tin happen so dat wetin dem rite for God word, go
bi true. 50 Den all en disciples kon run leave am.
51 One yong man wey tie small klot for waist, dey follow Jesus. So dem
won kon arrest di man join, 52 but e kon run komot with nakednes and
leave en klot for der.

### *Di Sanhedrin Kondemn Jesus*

53 Den, dem take Jesus go meet di High Priest, so all di priest oga dem, di
eldas and di law tishas kon gada. 54 Pita follow Jesus from far till e rish di
High Priest varanda. E sidan with di guards dey warm en body near fire.
55 Di priest oga dem and di Sanhedrin dey find wetin dem go take akuiz
Jesus, so dat dem go fit kill-am, but dem nor si anytin. 56 Many pipol lie for
Jesus head and dem dey tok difren-difren tins, but dia story nor gri with
each oda.
57 Some pipol stand up kon lie against am sey, 58 "Wi hear wen e sey, 'I
go distroy dis Temple wey dem build with hand and afta three days, I go
build anoda one wey dem nor use hand build.' " 59 All dia story nor dey
good, bikos dem nor gri with each oda.
60 Den di High Priest stand for dia front kon ask Jesus, "Yu nor get ansa?
Wetin bi dis wey dem dey tok against yu so?" 61 But Jesus kwayet and e
nor ansa dem.
Den di High Priest kon ask am again, "Na yu bi Christ wey bi God Pikin?"
62 Jesus ansa, "Na mi and yu go si Man Pikin sidan for God rite hand,
wen e dey kom inside di kloud from heaven."
63 Den di High Priest tear en own klot kon sey, "Why wi dey find more
pipol to tok for dis matter? 64 Una don hear di word wey e tok against
God! Wetin una tink sey make wi do am?"
Dem kon ansa, "E suppose to die." 65 Den some bigin spit for Jesus body,
dem tie en eye kon dey nak am dey sey, "Profesai naw!" Di pipol wey dey
guide di place still join beat am.

### *Pita Deny Jesus*

66 For dis time, Pita dey for di varanda, den di High Priest girl savant
kom der. 67 Wen e si Pita sidan dey warm ensef, e look am well-well kon
sey, "Yorsef dey follow dat man wey kom from Nazaret, wey dem dey koll
Jesus Christ."

68 But Pita deny kon sey, “I nor even know wetin yu dey tok about!” Den e waka go di gate and fawol kon do, “Kukuruku!”
69 Wen di savant girl si am, e kon dey tell di pipol wey stand der sey,
“Dis man dey among dem.” 70 But e deny again.
Small time, di pipol wey stand for korna kon tell Pita, “True-true, yu dey among dem, bikos na Galilee yu from kom.”
71 Pita kon bigin curse and swear sey. “I nor know dis man wey una dey tok about so o-o!”
72 At wons, fawol kon do, “Kukuruku!” di sekond time. So Pita kon remember wetin Jesus tell am: “Before fawol go do ‘Kukuruku!’ two times, yu go deny mi three times.” Den Pita kon bigin kry well-well.

# 15

*Jesus And Pilate*

1 For early morning afta dem don plan wetin dem go do Jesus, di priest oga dem with di law tishas and di Sanhedrin, tie am kon take am go meet Pilate.
2 So Pilate ask Jesus, “Na yu bi di Jew pipol king?”
Jesus ansa, “Na as yu tok.”
3 Den di priest oga dem still dey akuiz am, 4 so Pilate ask Jesus again,
“Yu nor get anytin to tok? Yu dey hear all dis tins wey dem sey yu do?”
5 But Jesus nor tok anytin and dis tin kon sopraiz Pilate well-well.

*Jesus and Barabas*

6 Anytime wen dem dey do di Passova Feast, Pilate always dey free one
prisona wey di pipol ask for. 7 Barabas, one man wey kill pesin for di time
wey dem dey rayot, dey prison with pipol wey nor dey obey govment law.
8 Den di pipol kom meet Pilate kon ask am sey, make e free one prisona for dem, as e dey do before.
9 So Pilate ask dem, “Una wont make I free Jew pipol king for una?”
10 (Pilate know sey di priest oga dem bring Jesus to am, bikos dem dey
jealous). 11 But di priest oga dem tell di pipol make dem ask Pilate make e free Barabas.
12 So Pilate ask dem again, “Den wetin una wont make I do to dis man wey una koll Jew pipol king?”
13 Dem kon shaut, “Kill-am trowey!”
14 Pilate ask dem, “Why? Wish bad tin e do?”
But dem kon dey shaut more-more, “Kill-am trowey!”
15 Bikos Pilate one do wetin di pipol wont, e kon free Barabas for dem, den afta e tell en sojas make dem flog Jesus, e kon give Jesus to di pipol make dem go kill-am.

*Sojas Laf Jesus*

16 So di sojas push Jesus enter di varanda for di govnor palis kon koll
evribody gada. 17 Dem wear am purpol klot kon take shuku-shuku make
crown wear for en head. 18 Dem kon dey salot am, “Wi hail yu o-o, Jew
pipol king!” 19 Dem take stik nak am for head kon spit for en body. Dem
knee down for en front dey bow for am. 20 Wen dem don laf am finish,
dem pul di purpol klot komot from en body kon wear am en own klot. Den, dem kon go kill-am.

*Dem Nail Jesus For Cross*

21 Di sojas kon force Simon, one man from Sirene, wey just dey enter di
town, make e karry Jesus cross. (Di man na Alexanda and Rufus papa.)
22 Dem take Jesus go di place wey dem dey koll Golgota (wey mean, "Skull
Place"). 23 Dem gi-am wine wey dem mix with myrrh, but Jesus nor gri
drink am. 24 Dem nail am for cross kon divide en klot, dey trow dice make
dem for know wetin go rish each pesin.

25 Na nine oklok for morning dem take nail Jesus for cross. 26 Dem kon
rite sey, "Dis na Jew pipol king." 27 Dem nail two tif with am for cross, one
for en left and di oda for en rite side. 28 Wetin dem rite for God word kon
happen sey, "Dem kount Jesus join bad pipol." 29 Pipol wey dey waka pass
kon dey shake dia head and dey tok bad about am sey, "Eehen! Yu wey
sey, yu go fit distroy di temple kon build am again for three days. 30 Oya!
Save yorsef make yu kom down from di cross!"

31 Even di priest oga dem and di law tishas dey laf Jesus for where dem
sidan, dey sey, "E save oda pipol, but e nor fit save ensef! 32 Christ, wey
sey e bi Israel king, make e kom down from di cross naw make wi si am,
so dat wi go bilive!" Doz wey dem nail for cross with am kon dey curse
am too.

## *Jesus Die*

33 Wen twelf oklok for aftanoon rish, darkness kon kover di kountry
until three oklok for aftanoon. 34 Around three oklok, Jesus kon shaut sey,
"Eloi! Eloi! Lama Sabaktani?" Wey mean, "My God! My God! Wetin make
yu abandon mi?"

35 Wen some pipol wey stand near der hear wetin e tok, dem kon sey,
"Listin. E dey koll Elijah!"

36 Den one pesin run kom with foam kon soak am inside betta wine, den
e put am for stik give Jesus make e drink, den e kon sey, "Make una leave
am! Make wi si weda Elijah go kom save am."

37 But Jesus shaut again, den e kon die.

38 So di curtain for di temple tear into two from top go rish bottom.
39 Wen di soja wey stand for Jesus front si how e take die, e kon sey, "True-
true dis man na God Pikin!"

40 Some wimen dey der dey look from far. Dem bi Mary Magdalin, Mary
wey bi Josef, James and Salome mama. 41 For di time wen Jesus dey Galilee,
dis wimen dey follow and help am. Many oda wimen wey follow am kom
from Jerusalem, dey der too.

## *Jesus Burial*

42 Wen evening don rish for di day before di Sabat Day, 43 Josef wey kom
from Arimatea, wey bi Jew kansol memba, wey dey wait for God Kingdom
and pipol dey respet am well-well, go meet Pilate kon ask for Jesus body.
44 Pilate sopraiz sey Jesus don die. So e koll di soja kon ask am weda e don
tey wen Jesus die. 45 Wen Pilate hear wetin di soja tok, e kon sey make
Josef go karry di body. 46 Josef buy linen klot, bring Jesus body kom down
from di cross kon take di klot wrap am, den e put am for grave wey dem
dig inside rock. Den e roll big stone kover di grave mout. 47 Mary Magdalin
and Mary wey bi Josef mama dey look and dem si where dem beri Jesus
put.

# 16

*Jesus Wake-up From Deat*

1 Wen Sabat Day don pass, Mary Magdalin, Mary wey bi James and
Salome mama kon buy some tins wey dey send well-well, make dem go rub
am for Jesus body, make e nor for smell. 2 For early morning on Sunday, as
sun just dey kom out, dem kon go di place wey dem beri Jesus put. 3 Dem
kon dey ask each oda as dem dey go sey, “Who go help us roll di stone
komot from di grave mout?”

4 But wen dem look, dem si sey, dem don already roll di stone komot.
5 As dem enter, dem si one man wey wear white klot sidan for di rite side
and fear kon katch dem.

6 But e tell dem, “Make una nor fear. Una dey find Jesus wey kom from
Nazaret, wey dem kill. God don raiz am from deat! E nor dey here again.
Make una look di place wey dem put am before. 7 Make una go tell en
disciples and Pita sey, Jesus don go Galilee go wait for dem. Una go si am
for der, as e tell una before.”

8 Di wimen kom out kon run from di grave side, bikos dem sopraiz and
fear dey katch dem. Dem nor fit tell anybody anytin, bikos dem still dey
fear.

*Di Ending*

9 [For early morning on Sunday, afta Jesus don wake-up, e first appear to
Mary Magdalin wey e drive seven demon komot for en body. 10 For where
di pipol wey dey follow Jesus dey mourn and kry dey, Mary Magdalin kon
go tell dem wetin happen. 11 Wen dem hear sey Jesus don wake-up from
deat and Mary Magdalin don si-am, dem nor bilive.

12 Afta, Jesus still appear to two pipol as dem dey waka go town. 13 Dem
go back go tell di rest pipol, but di pipol nor still bilive dem.

14 Den Jesus appear to di eleven disciples wen dem dey chop. E shaut
give dem since dem nor bilive, bikos of dia strong heart.

15 Jesus kommand dem sey, “Make una enter evriwhere for di world go
prish di gospel give evribody. 16 Anybody wey bilive and dem baptize am,
God go save am, but anybody wey nor bilive, God go kondemn am. 17 Dis
signs go follow pipol wey bilive: With my name, dem go drive demon
komot from pipol body; dem go speak new language wey dem nor learn;
18 dem go fit whole snake and if dem drink poizin, e nor go do dem anytin;
dem go put dia hand for pipol wey nor well body and di pipol go well.”

19 Afta Jesus don tok to dem finish, God kon karry am go heaven and e
sidan for God rite side. 20 Den, di disciples go evriwhere for di aria dey
prish di gospel and Jesus dey do many mirakles thru dem, so dat pipol go
know sey, wetin dem dey prish, na true.]

# Luke
## Introdushon

Na Luke, one medical doctor wey bi Paul ko-worker, naim rite dis book and Acts of Apostles. Di two books tok di same story about how God first invite Israel pipol and den di whole world sey make dem follow Jesus. Na to Teofilus, one rich man wey bi Christian, naim Luke rite di book. Dis book dey difren from di oda gospel dem. Luke won shew sey Jesus nor only kom save Israel pipol, E also won save oda pipol for di whole world.

*Introdushon*

1 Many pipol don rite di story about di tins wey happen among us, 2 as
di pipol wey si dem wen dem happen, tell us. 3 My oga Teofilus, since I
follow evritin from biginnin, I kon tink am sey e good make I rite wetin
really happen give yu, 4 so dat yu go undastand di tins wey dem tish yu
well-well.

*Dem Born John Di Baptist*

5 For di time wen Herod bi King for Judea, one priest dey wey en name
na Zekaraya from Abijah family and en wife name na Elizabet, wey kom
from Aaron family. 6 Dem dey do wetin God like, dey follow all di tins wey
God tok for en word. 7 Dem nor get pikin, bikos Elizabet nor fit get belle
and dem don old well-well.

8 E kom rish Zekaraya family turn to do priest work for di temple 9 and as
dia custom bi, dem kon choose Zekaraya make e enter inside God Temple
go burn incense. 10 Wen di time to burn incense don rish, all di pipol kon
gada for outside dey pray.

11 God angel appear to Zekaraya for di altar side near where dem for
dey burn incense. 12 As Zekaraya si di angel, fear katch am well-well and
e kon dey shake. 13 But di angel tell am, "Make yu nor fear Zekaraya, bikos
God don hear yor prayer. Yor wife Elizabet go born boy pikin for yu and
yu go koll am, 'John.' 14 Di pikin go bring joy and happiness for yu and
many pipol go happy well-well wen dem born am, 15 bikos God go use am
well-well. E nor go drink wine or strong drink, but di Holy Spirit go dey
inside am, even before dem go born am. 16 E go make many pipol follow
God. 17 E go first kom with Elijah spirit and pawa, before di Oga God ensef
go kom. E go make papa setol with dia shidren and pipol wey nor dey
obey God before, e go make dem obey am naw, so dat dem go dey ready
to meet am for heaven."

18 Zekaraya ask di angel, "How I go take know sey wetin yu tok so go
happen? Bikos mi and my wife don old well-well."

19 Di angel ansa, "I bi Gabriel, wey dey stand for God present and na-im
send mi kom tell yu dis Good News. 20 But since yu nor bilive wetin I tok
so, yu nor go fit tok again, until di day wen dis tins go happen."

21 So di pipol wey dey wait for Zekaraya kon bigin wonder why e stay
tey inside di temple. 22 Wen e kom outside, e nor fit tok again. Dem kon
know sey e don si vishon for inside di temple, bikos e use hand take make
sign for dem.

23 Wen en time to work inside di temple finish, e kon go house. 24 Wen
e don tey small, Elizabet, wey bi Zekaraya wife kon get belle and e kon
hide ensef inside house for five monts. 25 So Elizabet kon sey, "God don do
big tin for mi for my old age, E don favor mi for pipol present and E don
komot shame for my face."

### *Dem Born Jesus Christ*

26 Wen Elizabet belle don rish six monts, God kon send angel Gabriel go
Nazaret, one small town for Galilee, 27 go meet Mary. Dis Mary neva ever
sleep with man before and na-im Josef wey kom from David family, won
marry. 28 Di angel kon tell am, "I salot yu o-o! Yu wey God don favor, bikos
E dey with yu."

29 But Mary dey fear, bikos of wetin di angel tok and e bigin wonder
wetin di greetin mean. 30 Den di angel tell am, "Make yu nor fear, Mary,
bikos God don favor yu! 31 Make yu listin, yu go get belle kon born boy and
yu go name am, 'Jesus.' 32 E go big well-well and dem go koll am God wey
dey for heaven pikin and God go gi-am en papa David throne. 33 Na-im go
rule Jakob house forever and en kingdom nor go ever end."

34 Mary tell di angel, "How dis tins go fit happen, as e bi sey I neva sleep
with man before?"

35 Di angel ansa am, "Di Holy Spirit pawa go kover yu. So di pikin wey
yu go born, go dey holy and dem go koll am God Pikin. 36 Si, yor kousin
Elizabet don get belle for six monts naw and e go born boy for en old age,
even doh dem tok sey e nor go fit get belle. 37 Bikos e nor get anytin wey
God nor fit do."

38 Mary kon sey, "Yes, I bi God savant, make wetin yu tok so, happen to
mi." Den di angel kon leave am.

### *Mary And Elizabet*

39 Afta two days, Mary kon get up rush go Judah 40 and e enter Zekaraya
house go greet Elizabet. 41 Wen Elizabet hear as Mary dey greet am, di
pikin for en belle jump and di Holy Spirit kon enter Elizabet body. 42 So
Elizabet kon sey, "God don bless yu pass evry woman and E don bless di
pikin wey dey yor belle! 43 Who I bi wey make my Oga God mama kom
visit mi? 44 Bikos as yor greetin rish my ear, di pikin wey dey my belle kon
happy bigin jump. 45 And God don bless yu, bikos yu bilive sey wetin E
tok, go happen."

### *Mary Praiz God*

46 Mary kon sey,
"My heart go praiz God
47 and my spirit dey happy
bikos God, my Savior,
48 don si en savant kondishon.
From today go, evribody go sey God don bless mi,
49 bikos E don do big-big tins for mi
and en name dey holy.
50 E dey show en mesi to evribody wey dey fear am
for evry generashon.
51 E don do many big-big tins with en pawa
and E don skata di mind of di pipol dey karry body up.

52 E don remove rulers from dia throne and pipol wey bring demsef down,
E don karry dem go up.
53 E don make doz wey dey hongry beleful with good food and pipol wey get money well-well,
E don make dem poor.
54 E help en savants,
Israel pipol remember en mesi,
55 wey E promise awa grand-grand papa dem
and E go show mesi to Abraham and en shidren forever."
56 Mary stay with Elizabet for about three monts, den e kon go back to
en house.

### *Dem Born John*

57 Di time kon rish for Elizabet to born, so e kon born boy. 58 En
neighbour and rilashons hear sey God don do big tin for am, so dem kom
happy with am.
59 Wen di pikin rish eight days, dem sekonsaiz am, won kon gi-am en
papa name, Zekaraya. 60 But en mama sey, "No, dem must koll am John."
61 Dem kon sey, "But e nor get any of una relashon wey en name bi
John."
62 So dem make sign give Zekaraya ask sey, "Wetin wi go koll di pikin."
63 Zekaraya ask for sometin make e rite put, den e kon rite, "En name
na John." So, all of dem kon sopraiz well-well. 64 Den Zekaraya mout
open and e kon bigin praiz God. 65 Fear katch all dia neighbour and for
evriwhere for Judea, na di matter dem kon dey tok about. 66 So evribody
wey hear wetin happen, keep am for dia mind dey sey, "Wish kind pikin
dis one go bi sef?" Bikos God dey with am true-true.
67 Den di Holy Spirit enter Zekaraya and e kon bigin profesai, dey sey,
68 "Make wi praiz Israel God,
bikos E don help and free en pipol.
69 E send di Savior wey get pawa kom meet us,
from David family.
70 God promise en profet before-before
71 sey, wi go dey save from awa enemy
and from pipol wey hate us.
72 E do dis tins to show en love for awa grand-grand papa dem
and to remember di promise wey E give dem.
73 Even awa papa Abraham sey,
74 'E go save us from awa enemy hand,
so dat wi go fit take all awa heart serve am
75 and wi go dey holy and good for en eye
as long as wi dey for dis world.'

76 And yu, my pikin, pipol go koll yu God profet
and na yu go-go prepare di road for di Oga God,
77 wey go make pipol know sey, God go save dem,
bikos E go forgive dem dia sins.
78 Since God love and en kindness strong well-well,
E go let en salvashon rish us,
79 so lite go shine for di pipol wey sidan for darkness

and where deat dey.
Den God go give us peace."
80 Di pikin kon dey grow and strong for spirit. E stay for wildaness until
di day wen God show am to Israel pipol.

# 2

*Dem Born Jesus*

1 Dat time, Caesar Augustus kon give orda make evribody wey dey Rome
go register dia name make dem for pay tax. 2 Dis na di first time wey pipol
go register, since di time wen Kwirinus bi govnor for Siria. 3 Evribody kon
go en home-town go register.
4 So Josef wey dey stay for Nazaret for Galilee kon travel go Betlehem,
David Town for Judea, bikos na David family e from kom. 5 Josef and
Mary wey e won marry wey get belle, go register togeda. 6 As dem dey for
Betlehem, time kon rish for marry to born. 7 So e born en first son, wrap
am kon put am for where dem dey keep animal, bikos know oda place dey
for dem to stay.

*Shepads Visit Jesus*

8 Some shepads dey for dat aria, dey kare for dia sheep for nite. 9 God
angel appear to dem and God glory kon dey shine for evriwhere, den fear
katch dem. 10 Di angel tell dem, "Make una nor fear! Make una listin well,
bikos I kom tell una news wey go make pipol happy. 11 Today, dem born
una Savior for dis town wey David from kom, en name na Christ, wey bi
di Oga God. 12 Na dis go bi sign wey una go take know am: Una go si pikin
wey dem use klot wrap inside where dem dey keep animal."
13 At wons, many angels appear for heaven kon stand with di first angel
dey praiz God sey,
14 "Na only God get Glory for heaven and eart,
make peace and favor dey with evribody."
15 Wen di angels go back to heaven, di shepads kon tell each oda, "Make
wi go Betlehem go si wetin happen, wey God don show us so."
16 Dem kon go si Mary, Josef and di pikin for inside di animal house.
17 Wen dem si am, dem kon tok how di angel take tell dem about di pikin.
18 Evribody wey hear wetin dem tok, sopraiz well-well. 19 But Mary keep
wetin e hear for en mind kon dey tink about am. 20 So di shepads go back,
dey praiz God, bikos of all di tins wey dem hear and si. Evritin just bi as
di angel tell dem sey e go bi.
21 Wen di pikin rish eight days, dem sekonsaiz am kon koll am, "Jesus",
di name wey di angel tok before en mama even get belle.

*Jesus Dedikashon*

22 Wen time rish for Mary to present ensef to God, as Moses Law tok,
Josef and Mary kon karry Jesus go Jerusalem, go dedikate am give God,
23 (as dem rite am for God word, "Evry first-born wey bi boy, dem go gi-
am to Mi"), 24 and dem go offa sakrifice with two dove or pijin.

*Simeon Profesy*

25 One man dey Jerusalem wey en name bi Simeon and di Holy Spirit
dey inside am. Di man dey fear God and dey do wetin God like and e dey

wait for di time wen God go free Israel. 26 Di Holy Spirit don show am sey
e nor go die before e go si di Mezaya wey God promise. 27 So God Spirit
karry Simeon enter di temple and wen Jesus papa and mama bring am to
do wetin Moses Law tok, 28 Simeon kon karry Jesus for en hand dey praiz
God sey,

29 "Naw, as yor word tok,
yu, God wey dey rule evritin,
make yu let yor savant go rest.

30 Bikos my eye don si di pesin wey yu won
make e save Israel pipol,

31 di One wey yu don prepare
for evribody present:

32 Na-im bi di lite
wey go show Gentile pipol road
kon bring honor to yor pipol, Israel."

33 So di pikin papa and mama sopraiz for wetin Simeon tok about am.
34 Den Simeon bless dem kon tell Mary, "Listin well-well: God don choose
dis pikin to make some pipol for Israel fall and raiz odas up and e go bi
sign wey many pipol nor go asept. 35 True-true, bikos of am, di sekret tins
for many pipol mind go kom out and vexnashon like swod, go shuk dia
heart!"

### *Anna Testimony*

36 One profetes dey, wey en name bi Anna, Fanuel dota, wey kom from
Asher family. E don old well-well and e marry en husband for seven years,
before di man die. 37 E don rish eighty-four years since en husband die. E
nor dey komot for di temple, e dey serve God and dey fast and pray day
and nite. 38 For dat time, e kom meet Josef, Mary, di pikin and Simeon kon
bigin tank God, dey tok about di pikin give evribody wey dey wait for di
time wen God go free Jerusalem.

39 So, wen Josef and Mary don do all di tins wey God law sey make dem
do, dem kon go back to dia house for Nazaret for Galilee. 40 Di pikin kon
grow, dey strong, e get sense and God favor, dey with am.

41 Evry year, Jesus papa and mama dey go Jerusalem for Passova Feast.
42 Wen Jesus bi twelf years, dem kon go as dem dey do before 43 and as dem
dey go back to dia house, Jesus nor follow dem, but en papa and mama
nor know; 44 bikos dem tink sey e dey among dem wey dey travel togeda.
Wen dem don travel for one full day, dem kon dey find Jesus among dia
rilashons and friends. 45 As dem nor si am, dem kon go back to Jerusalem
go find am. 46 Afta three days, dem kon si am inside di temple, where e
sidan with di tishas dey listin and dey ask dem many kweshon. 47 Evribody
wey hear wetin Jesus dey tok kon dey sopraiz for di way e undastand and
di ansa wey e dey give. 48 Wen en papa and mama si am, dem sopraiz
well-well. Naim en mama sey, "My pikin, why yu do us like dis? Si, mi
and yor papa dey find yu for evriwhere since."

49 Jesus ansa dem, "Why una dey find mi? Una nor know sey I go dey
my Papa house?" 50 But en papa and mama nor undastand wetin Jesus
mean.

51 Den Jesus follow dem go Nazaret kon dey do wetin dem tell am. But
en mama keep all dis tins for mind. 52 Jesus kon dey get sense more-more
as e dey grow, so God and pipol like am well-well.

# 3

*John Di Baptist Ministry*

1 Tiberius Caesar don dey rule for fifteen years wen Pontius Pilate bi
govnor for Judea and Herod dey rule Galilee, en broda Filip dey rule Iturea
and Trakonitis aria and Lysanias dey rule Abilene. 2 For dat time, na Annas
and Kaiafas bi di High Priests. So God kon tok to John, wey bi Zekaraya
pikin, for inside wildaness. 3 John kon go all di aria wey dey round Jordan
River dey prish sey make pipol turn from dia sin kom meet God and make
dem baptize, so dat God go forgive dem. 4 As Profet Isaya tok for di book
wey e rite sey,

"One vois dey shaut for inside wildaness sey:
'Prepare di way for di Oga God
and make en road strait.
5 Evry place wey low,
God go make am high
and evry place wey high,
God go make am low,
bend-bend road go strait,
di road wey bad, go good
6 and evribody for dis world go si God salvashon.' "

7 So John tell di pipol wey kom make e for baptize dem sey, "Una wey bi
snake shidren! Who warn una make una run komot from God ponishment
wey dey kom? 8 Naw, make una bear fruit wey go show sey una don really
turn from sin kom meet God, make una nor start to sey, 'Abraham na awa
papa.' Bikos God fit take dis stones wey dey for groun take make pikin
for Abraham! 9 Even naw sef, di axe don ready to kut di tree wey nor dey
bear betta fruit, dem go kut am down kon trow am inside fire."

10 So di pipol kon ask am, "Wetin wi go do naw?" 11 John ansa dem, "Di
pesin wey get two klot must give one to pesin wey nor get at-all and di
pesin wey get food must share with pesin wey nor get."

12 Tax kollectors too waka kom make John for baptize dem and dem kon
ask am, "Tisha, wetin wi go do?"

13 John tell dem, "Make una nor kollect money pass di one wey di law
tok."

14 Den some sojas kon still ask am, "Wot of us? Wetin wi go do?"

E tell dem, "Make una nor use force kollect money from anybody hand
or lie for anybody head and make una salari, rish una."

15 All di pipol kon dey wonder weda John, naim bi di Mezaya wey dem
dey wait for. 16 John ansa dem, "Na ordinary wota I take dey baptize una,
but di pesin wey big pass mi, dey kom, I nor rish who go luz di rope wey
dey en shoe. E go baptize una with di Holy Spirit and fire. 17 E whole
shovel for hand to harvest di korn keep for en store, but e go burn di korn
kanda with fire wey nor dey kwensh." 18 Na so John prish di Good News
for di pipol.

19 But wen John tell Herod wey bi govnor sey, God dey vex with am,
bikos of en broda wife, Herodias, wey e marry and all di bad-bad tins wey

e do, 20 Herod take all dis join di vexnashon wey e get for John, so e kon
lock am for prison.

### *Dem Baptize Jesus*

21 So wen all di pipol don baptize, Jesus ensef kon baptize too. Wen e
dey pray, heaven open, 22 di Holy Spirit kom down for en head like dove.
Den one vois tok from heaven sey, "Yu bi my Pikin wey I love well-well
and yu dey make belle sweet mi."

### *Jesus Generashon*

23 Jesus start en ministry wen e bi thirty years.
Evribody know am as Josef pikin, wey Heli born.
24 Heli na Mattat pikin, wey Levi born.
Levi na Melchi pikin, wey bi Jannai pikin and na Josef bi Jannai papa.
25 Josef na Mattatias pikin wey bi Amos pikin, wey bi Nahum pikin, wey bi Esli pikin, wey bi Naggai pikin.
26 Naggai na Maat pikin, wey bi Mattatias pikin, wey bi Semein pikin, wey bi Josek pikin, wey bi Joda pikin.
27 Joda na Joanan pikin, wey bi Rhesa pikin, wey bi Zerubabel pikin, wey bi Shealtiel pikin, wey bi Neri pikin.
28 Neri na Melchi pikin, wey bi Addi pikin, wey bi Kosam pikin, wey bi Elmadam pikin, wey bi Er pikin.
29 Er na Joshua pikin, wey bi Elieza pikin, wey bi Jorim pikin, wey bi Mattat pikin, wey bi Levi pikin.
30 Levi na Simeon pikin, wey bi Judah pikin, wey bi Josef pikin, wey bi Jonam pikin, wey Eliakim born.
31 Eliakim na Melea pikin, wey bi Menna pikin, wey bi Mattata pikin, wey bi Natan pikin, wey bi David pikin.
32 Jesse wey Obed born, naim bi David papa. Obed papa na Boaz, wey bi Salmon pikin, wey bi Nashon pikin.
33 Amminadab wey bi Admin pikin, naim born Nashon. Admin papa na Arni, wey bi Hezron pikin, wey bi Perez pikin wey Judah born.
34 Jakob wey Isaak born, naim bi Judah papa. Abraham born Isaak and na Terah wey Nahor born, bi Abraham papa.
35 Nahor na Serug pikin, wey bi Reu pikin, wey bi Peleg pikin, wey bi Eber pikin, wey bi Shela pikin.
36 Kainan wey Arfaxad born, naim bi Shela papa. Arfaxad na Shem pikin, and Noah wey Lamek born, naim bi Shem papa.
37 Lamek na Metuselah pikin, wey bi Enoch pikin, wey bi Jared pikin and Mahalalel wey Kenan born, naim bi Jared papa.
38 Kenan na Enosh pikin, wey bi Seth pikin, wey bi Adam pikin and na God kreate Adam.

## 4

### *Devil Tempt Jesus*

1 Di Holy Spirit enter Jesus body kon karry am from Jordan River go
inside wildaness. 2 For der, devil kon tempt am for forty days. Dat time,
Jesus dey fast, so e nor chop food, but afta e fast finish, e kon dey hongry.
3 Devil kon tell am, "If na true sey yu bi God Pikin, make yu kommand
dis stone make e turn to food."

4 Den Jesus ansa, "God word sey, 'Nor bi only food man suppose to chop
for dis world, but na evry word wey God tok.' "
5 Den devil take Jesus go on-top one mountin kon show am all di kingdom
wey dey dis world. 6 Den e tell am, "I go give yu all dis place and all di
honor wey follow am as yor kingdom, bikos dem don gi-am to mi and I fit
gi-am to anybody wey I wont. 7 So, if yu bow down woship mi, I go give
yu evritin."
8 Jesus ansa, "God word sey, 'Na only God yu must woship and serve.' "
9 Den devil take Jesus go Jerusalem kon make am stand on-top di place
where high pass for di temple kon tell am, "If yu really bi God Pikin, make
yu jump go down, 10 bikos God word sey,
" 'God go tell en angels make dem guide yu'
11 and,
'Dem go karry yu for dia hand,
so dat yu nor go use yor leg nak stone.' "
12 Jesus ansa am, "God word sey, 'Make yu nor test God wey bi yor Oga
God.' "
13 So wen devil don tempt Jesus finish, e kon leave am until anoda time.

### *Jesus Start En Ministry For Galilee*

14 As di Holy Spirit pawa full Jesus body, e kon go back to Galilee and
en story bigin spread for di whole aria. 15 E bigin tish for dia sinagog and
evribody kon dey praiz God.
16 Afta, Jesus go Nazaret where e for grow up, e enter di sinagog for
Sabat Day as e dey always do and e kon get up make e read. 17 Dem gi-am
di book wey Profet Isaya rite. Jesus kon open am rish di place wey dem
rite sey,
18 "God Spirit dey my body,
bikos E don anoint mi
make I prish Good News give poor pipol.
E send mi make I prish freedom
give pipol wey dey prison
and make blind pipol for si.
E still sey make I free doz
wey dem dey opress
19 and make I announce sey
di time wen God won save en pipol, don rish."
20 Jesus klose di book kon gi-am back to di pesin wey dey hold am, den
e go sidan. So evribody wey dey di sinagog kon dey look am. 21 Den Jesus
tell dem, "Today, di tins wey dem rite for God word for where I read, don
happen, just as una hear am wen I dey read am."
22 Evribody dey tok good about Jesus, dem sopraiz for di sweet-sweet
word wey dey kom out from en mout. So dem kon ask, "Dis nor bi Josef
pikin?"
23 Jesus tell dem, "I know sey una go kwote proverb for mi sey, 'Doctor,
make yu cure yorsef!' And una go sey, 'For here wey bi yor home-town,
wi won make yu do wetin wi hear sey yu do for Kapanaum.' "
24 Jesus still sey, "Make I tell una true word, profet nor dey get respet for
en home-town. 25 But I tell una di trut, wimen wey dia husband don die
many for Israel for Elijah time, wen God stop rain for three and half years
and betta honga kon dey evriwhere. 26 But God nor send Elijah go meet

any of doz wimen, escept one woman wey en husband die for Zarefat
inside Sidon. 27 Pipol wey get leprosy many for Israel for profet Elisha
time, but God nor heal any one escept Naaman, wey kom from Siria.”
28 Wen dem hear dis tins, all di pipol for di sinagog kon dey vex. 29 Dem
push Jesus komot from di town kon take am go di hill wey dia town dey
on-top, make dem for trow am down. 30 But Jesus pass dia centre, waka
komot.

### *Jesus Ministry For Kapanaum*

31 So Jesus kon go Kapanaum, wey dey Galilee and e bigin tish pipol for
Sabat Day. 32 Dem sopraiz well-well for en tishing, bikos e dey tok with
authority.
33 Inside di sinagog, one man wey evil spirit dey en body kon dey shaut,
34 “Abeg, make yu leave us alone, Jesus wey kom from Nazaret! Yu don
kom distroy us? I know who yu bi, yu bi God savant wey holy.”
35 But Jesus tell am: “Make yu shut up! Yu demon, komot for en body.”
Di demon trow di man for groun for dia front kon komot for en body, but
di man nor wound.
36 Di pipol sopraiz kon dey ask each oda, “Wetin dey happen so? Dis
man dey use God pawa take kommand demon and dem dey obey am!”
37 So di news about Jesus kon spread enter di whole aria for Galilee.
38 Afta Jesus komot for di sinagog, e enter Simon house. Simon wife
mama get fever and dem kon beg Jesus make e heal am. 39 So Jesus stand
near di woman kon kommand di fever komot for en body. Kwik-kwik, di
woman get up, bigin kare for Jesus and di odas wey dey di house.
40 As day dey dark, evribody wey get pipol wey nor well kon bring dem
kom meet Jesus. E tosh dem for head and dem kon well. 41 Demons
dey shaut dey komot from many pipol body, dey sey, “Yu bi God Pikin!”
But Jesus warn dem make dem nor tok, bikos dem know sey, naim bi di
Mezaya.
42 Wen day break, Jesus komot go one place where nobody dey. But
pipol find am rish der and dem kon dey try to hold am make e nor for
leave dem. 43 But Jesus tell dem, “I must prish dis Good News about God
Kingdom give pipol wey dey oda towns, bikos na wetin God send mi kom
do, bi dat.” 44 So e kontinue to prish for di sinagogs wey dey Judea.

# 5

### *Jesus Koll En Disciples*

1 Jesus stand near Gennesaret and pipol gada make dem for hear God
word. 2 E si two kenu for di wotaside, but di Fisha men wey get dem, don
kom down dey wosh dia net. 3 E enter inside one kenu wey bi Simon Pita
own kon tell am make e push di kenu enter wota small. Den Jesus kon
sidan dey tish di pipol from di kenu.
4 Wen e don tok finish, e kon tell Simon, “Push di kenu go where deep
pass for di wota, make una for fit katch fish.”
5 Simon ansa, “Oga God, wi dey here from nite till day break and wi nor
katch anytin. But as yu tok, wi go trow awa net inside wota.”
6 So, dem trow dia net inside wota and dem katch many fish sotey dia
net kon start to tear. 7 So, dem kon do sign give di oda pipol wey dey follow

dem work, make dem kom help dem. Wen dem put all di fish inside di
two kenu, di kenu dem kon dey won sink.
8 Wen Simon si wetin happen, e kon knee down for Jesus front dey sey,
"Abeg, nor near mi Oga God, bikos I bi sina." 9 Pita and all di pipol wey dey
with am sopraiz well-well wen dem si all di fish wey dem katch. 10 James
and John wey bi Zebedee shidren, wey dey follow Pita work, sopraiz too.
Den Jesus tell Simon Pita, "Make yu nor worry, from today go, na pipol
yu go dey katch." 11 So wen dem don push dia kenu rish groun for di
wotaside, dem leave evritin kon follow Jesus.

### *Jesus Heal Leper*

12 Wen Jesus dey for one town, one man wey get leprosy kom meet am.
Wen di man si Jesus, e fall face groun kon beg am sey, "Oga God, if yu like
to do am, yu go fit heal mi."
13 So Jesus tosh di man kon sey, "I like to do am. 'Oya! Make yor body
klean naw!' " At wons, di leprosy komot for di man body.
14 Jesus tell di man, "Make yu nor tell anybody, but go show yorsef to
di priest and pay di ofrin wey Moses kommand sey, pipol wey dia leprosy
don komot for dia body go bring, so dat di priest go know sey yu don really
well."
15 But di news about Jesus kon spread pass before and many pipol kom
meet am make dem for fit hear en word and make e for heal dem. 16 But
Jesus komot go pray for wildaness, where pipol nor dey.

### *Jesus Heal And Forgive Who Nor Fit Waka*

17 One day, wen Jesus dey tish, some Farisee pipol and di law tishas kon
kom from all di village wey dey Galilee, Judea and Jerusalem, dem sidan
near Jesus and God pawa dey with am to heal pipol. 18 Some men karry
one man for bed wey nor fit waka, kom. Dem kon dey try to karry am
enter di house kom meet Jesus, 19 but bikos pipol many, dem nor fit karry
am pass, so dem kon open di zink for di housetop, drop di man with di
bed small-small, till e rish Jesus front for di pipol centre. 20 Wen Jesus si
how dia faith big rish, e kon tell di man, "My friend, I forgive yu all yor
sins."
21 So di law tishas and di Farisee pipol kon dey tell diasef sey, "Who bi
dis man wey dey shalenge God like dis? Who fit forgive sin escept God?"
22 Jesus know wetin dem dey tink, so e ask dem, "Why una dey tink like
dis sef? 23 Wish one eazy to tok? 'I forgive yu yor sin?' or 'Get up make yu
waka?' 24 But make una for know sey Man Pikin get pawa for dis world
to forgive sin, e kon tell di man wey nor fit waka, 'I tell yu, get up, karry
yor bed make yu dey go house.' " 25 At wons, di man kon get up for dia
present, karry di bed wey e liedan put before kon dey praiz God as e dey
go house. 26 Evribody for der sopraiz well-well. Fear katch dem and dem
kon dey wonder dey sey, "Na wonderful tin awa eye si today so o-o!"

### *Jesus Dey Chop With Sinnas*

27 Afta dis one, Jesus go out and e kon si one tax kollector sidan for where
e for dey kollect tax, en name na Levi. Jesus kon tell am, "Make yu follow
mi." 28 Levi get up, leave evritin kon follow am.
29 Den Levi do party for en house bikos of Jesus, so many tax kollectors
and oda pipol kom chop with dem for di party. 30 But di Farisee pipol and

some law tishas kon dey vex for Jesus disciples sey, "Why una dey chop
and drink with tax kollectors and sinnas?"
31 Jesus ansa dem, "Pipol wey well nor nid doctor, na only doz wey nor
well, nid am. 32 I nor kom koll good pipol to turn from sin kom meet God,
but na sinnas, I kom koll."

### *Betta Tins Wey Dey Kom*

33 Den some pipol tell Jesus, "John disciples dey fast and pray and di
Farisee disciples dey do di same tin too, but yor disciples just dey chop
and drink anyhow."
34 So Jesus ansa dem, "Yu go fit sey make pipol wey kom marriage dey
fast wen di man wey dey marry dey der? 35 But time dey kom wen di man
wey dey marry nor go dey with dem, dat time, dem go fast."
36 E still tell dem one parabol sey: "Nobody dey tear new klot take pash
old one. If e do like dat, e go fit spoil di new klot and di new klot piece nor
go mash di old one. 37 And nobody dey pour new wine inside old wine
bag. If e do like dat, di new wine go tear di bag, di wine go trowey and
di bag go skata. 38 Instead, pipol suppose pour new wine inside new wine
bag. 39 Nobody go like to drink new wine afta e don drink old wine. Bikos
e go sey, 'Na di old wine betta pass.' "

# 6

### *Sabat Day Oga God*

1 Jesus dey waka pass where dem plant korn put and en disciples kon
plok some korn dey chop. 2 Some of di Farisee pipol kon sey, "Why una
dey do wetin awa law tok sey make wi nor do for Sabat Day?"
3 Jesus ansa dem, "Una neva read wetin David do wen en and en men
dey hongry? 4 E enter God house kon take di bread wey holy wey only
priests suppose chop and en and en men chop am." 5 So Jesus tell dem,
"Na Man Pikin bi Sabat Day Oga God."

### *Jesus Heal Hand Wey Don Die*

6 For anoda Sabat Day, Jesus enter di sinagog dey tish. One man wey en
rite hand don die dey der. 7 Di law tishas and di Farisee pipol dey look
Jesus with korna eye weda e go heal pipol for Sabat Day, so dat dem go si
wetin dem go take akuiz am. 8 But Jesus know wetin dem dey tink, so e
kon tell di man wey en hand die, "Get up, make yu kom stand for here",
so di man get up, go stand near am.
9 Den Jesus ask dem, "E dey rite to do good for Sabat Day" or "to save
or distroy anybody life?"
10 Afta Jesus look dem round, e kon tell di man, "Stresh yor hand out."
So di man stresh en hand and di hand kon well. 11 But di Farisee pipol and
di law tishas kon vex sotey dem nor dey si road again, so dem kon bigin
ask diasef, "Wetin wi go do Jesus Christ."

### *Jesus Choose En Twelf Disciples*

12 Jesus go mountin go pray and e dey der dey pray to God till day break.
13 Wen day break, Jesus koll en disciples kon choose twelf among dem
wey e koll apostles: 14 Simon (wey bi Pita) and en broda Andru and James,
John, Filip, Bartolomew 15 Matiu, Tomas, James (Afaeus pikin) Simon wey

bi Zealot, (pesin wey dey fight for en kountry). 16 Judas (James pikin) and
Judas Iskariot wey leta sell Jesus give en enemies.

### *Jesus Tish And Heal*

17 Den Jesus kom down with en apostles kon stand for groun wey level.
Many disciples from Judea, Jerusalem and all di small towns wey near
Tyre and Sidon gada kon hear am dey prish and e heal doz wey nor well
18 and odas wey evil spirit dey worry. 19 Evribody dey try to tosh am, bikos
pawa wey dey komot from en body, dey heal pipol.

20 Den Jesus look en disciples, tell dem,
"Make una happy, una wey dey poor,
bikos na una get God Kingdom.
21 Make una happy, una wey dey hongry,
bikos una go beleful.
Make una happy, una wey dey kry naw,
bikos una go laf.
22 Una wey pipol hate, rijet, curse and dey koll bad pipol
bikos of Man Pikin, God go bless una
23 and una go dey happy for dat day.

"Make una happy well-well, bikos di reward wey una go get for heaven,
go big well-well. Na so dia grand-grand papa dem tok about di profets too.
24 "But curse dey una head, una wey get money well-well naw,
bikos una don already get una reward.
25 Curse dey una head, una wey don ova beleful,
bikos una go hongry.
Curse dey una head, una wey dey laf naw,
bikos una go kry well-well.
26 Curse dey una head,
una wey pipol dey tok good tins about,
bikos na so dia grand-grand papa dem tok about
di fake profets too.

27 "But I dey tell una wey dey listin, 'Make una love una enemy and do
good to pipol wey hate una.' 28 Make una bless doz wey curse una and
pray for doz wey dey trit una anyhow. 29 If anybody slap una for face,
make una turn di oda side gi-am too. If anybody use force kollect una
koat, make una gi-am una shirt join too. 30 Make una give evribody wey
ask una for sometin and if anybody take wetin bi una own, make una nor
ask for am back. 31 Make una do for pipol as una wont make dem do for
una.

32 "If una love only di pipol wey love una, wetin go make God bless una?
Even sinnas sef love doz wey love dem. 33 And if una do good for only doz
wey dey do good for una, wetin go make God bless una? Even sinnas dey
do di same tin too. 34 If una borrow pesin money wen una know sey e go
fit pay una back, wetin go make God bless una? Sinnas sef dey borrow
money give sinnas, so dat dem go pay dem back dia korrect money. 35 But
make una love una enemies kon do good and make una nor espect anytin
back wen una borrow anybody sometin. Na dis go make God pay una back
and una go bi en shidren, bikos God ensef dey do good for wiked pipol and
doz wey nor dey sey tank yu. 36 So, make una dey show mesi, just as una
Papa dey show mesi."

### *Nor Judge Odas*

37 "Make una nor judge oda pipol, so dat God nor go judge una. Make
una nor kondemn odas, so dat God nor go kondemn una. Make una forgive
odas and God go forgive una. 38 Make una give pipol wey nor get and God
go give una wetin really big, E go pak am well-well and di tins go ova full.
God go pour all dis tins for una life. But na as una take give odas, na so
God go take give una too."
39 Jesus still tell dem anoda parabol, "Pesin wey blind nor dey fit show
anoda blind man road, abi e go fit? No! If na so, dem two go fall inside
gutta. 40 No student go fit big pass en tisha, but wen e don learn finish, e
go bi like en tisha.
41 "Why yu dey look di small dirty wey dey yor broda eye, but yu nor
dey si di big wood wey dey yor own eye. 42 How yu go take tell yor broda
sey, 'Broda, make I remove di dirty wey dey yor eye, but yu nor dey si di
wood wey dey yor own eye? Yu wey dey pritend, make yu first komot di
wood for yor eye, den yu go si well to fit remove yor broda own.'
43 "Bikos betta tree nor dey bear bad fruit and know bad tree dey bear
good fruit, 44 bikos na fruit wey tree bear, naim pipol dey take know di
kind tree wey e bi. Pipol nor dey plok fig or grape from shuku-shuku tree.
45 Wen pesin dey good, na di good tins wey dey inside am, dey make am
bear good fruits, but bad pesin, na di bad tins wey dey inside am, dey am
make bear bad fruits, bikos na from wetin full inside pesin mind, naim en
mout dey tok.
46 "Why una dey koll mi, 'Oga God' and una nor dey do wetin I tell una?
47 Anybody wey kom meet mi and listin to my word kon do am; I go show
una wetin di pesin bi like. 48 E bi like man wey dey build house, wey dig
groun kon lay di foundashon on-top strong rock. Wen big wota rush kom,
e nor go fit shake di house, bikos dem build am for betta rock. 49 But di
pesin wey hear my word and e nor do am, e bi like man wey build house
wey nor get strong foundashon. Wen big wota kom, di house go fall skata."

# 7

### *Jesus Heal Roman Soja Savant*

1 Afta Jesus tish di pipol all dis tins, e kon go Kapanaum. 2 For der, one
Roman soja get one savant wey e like well-well, but di savant nor well and
e nearly die. 3 Wen di soja hear about Jesus, e kon send some Jew eldas
go meet am sey, make e kom heal en savant. 4 Wen dem si Jesus, dem beg
am well-well sey, "E good make yu kom help am, 5 bikos e love awa pipol
and e even build sinagog for us." 6 So Jesus follow dem go.
As Jesus near di house, di soja kon send some for en friends go meet
am sey, "Oga God, nor trobol yorsef, bikos I nor big rish who yu go enter
en house. 7 Na dis make mi nor waka kom meet yu, instead, make yu just
give orda and my savant go well. 8 Bikos mi too get pipol wey big pass mi
and I get di ones wey I big pass. If I tell one, 'Go!' E go-go and anoda one,
'Kom!' E go kom and if I tell my savant, 'Do dis tin!' E go do am."
9 Wen Jesus hear dis, e sopraiz and belle sweet am, naim e look di pipol
wey dey follow am kon tell dem, "I tell una true word, I neva si dis kind
faith before, even for Israel." 10 So, wen doz wey di soja send go back to
di house, dem kon si sey di savant don well.

### *Jesus Wake Widow Pikin*

11 Afta, Jesus go one town wey dem dey koll Nain, en disciples with many
pipol follow am. 12 Near di town gate, dem meet pipol dey karry one dead
body go beri. Di man mama na widow and naim bi di woman only pikin,
so plenty pipol from di town kon follow am. 13 Wen Jesus si di woman, e
sorry for am kon tell am, "Make yu nor kry again."
14 Den e waka go tosh di koffin and di men wey karry am kon stop. Jesus
kon sey, "Yong man, get up!" 15 So di man get up kon start to tok. Jesus
kon gi-am back to en mama.
16 Fear katch all of dem and dem kon dey praiz God sey, "Na big profet
kom meet us so-o!" and "God don kom help en pipol!" 17 Di news about
Jesus spread round Judea and all di place wey near der.

### *Jesus And John Di Baptist*

18 John disciples kon tell John about di tins wey dey happen. So e koll
two of en disciples 19 kon send dem go ask Jesus sey, "Na yu bi di pesin
wey wi dey espect, abi make wi wait for anoda pesin?"
20 Wen dem si Jesus, dem kon sey, "John di Baptist send us make wi ask
sey, 'Na yu bi di pesin wey wi dey espect, abi make wi wait for anoda
pesin?' "
21 For dat same time, Jesus heal many pipol wey get difren sickness, pipol
wey get evil spirit and pipol wey nor fit si, kon dey si. 22 So, Jesus ansa
dem, make una go tell John wetin una don si and hear: "Blind pipol dey si,
pipol wey nor fit waka before, dey waka, pipol wey get leprosy, dia body
don klean, pipol wey nor dey hear, don dey hear naw, pipol wey don die,
don wake-up and even poor pipol, don hear di Good News. 23 God go bless
pipol wey nor dey doubt mi."
24 Wen John messenjas don go, Jesus kon bigin tok to di pipol about John:
"Wetin una go find for inside wildaness? Na grass wey breeze dey blow?
25 Wetin una go out go si? Na man wey wear fine klot? No! Bikos pipol wey
dey wear fine klot and dey enjoy life, na king palis dem dey stay. 26 Wetin
una go out go si? Na profet? Yes! I tell una, e even big pass profet. 27 Dis
na wetin dem rite about am,
" 'I dey send my messenja go yor front,
wey go-go prepare yor road for yu.'
28 I tell una true word, among all di pipol wey woman born, nobody big
rish John di Baptist, but di pesin wey small pass for God Kingdom, big pass
am."
29 (Naw, evribody wey hear dis tins, even di tax kollectors, know sey
God dey do wetin dey rite, bikos John di Baptist, baptize dem. 30 But di
Farisee pipol and di law tishas rijet wetin God plan for dem, bikos John
nor baptize dem.)
31 How I won take tok about pipol wey dey for dis world naw? 32 Dem
bi like shidren wey sidan for market dey tell each oda,
" 'Wi play music for una,
but una nor gri dance;
wi sing beri song for una,
but una nor gri kry.'
33 Wen John di Baptist kom, e nor chop food or drink wine, but una sey,
'E get demon!' 34 But God Pikin kom, dey chop and drink and una sey, 'Si

am, long-trot, drunkard, na tax kollectors and sinnas bi en friend.’ 35 But
doz wey get wisdom, know sey evritin about am, na trut.”

### *Jesus Anointin*

36 One Farisee kon invite Jesus kom chop for en house, so Jesus enter di
Farisee house kon sidan. 37 Den, wen one woman from dat town wey bi
sina hear sey Jesus dey chop for di Farisee house, e kon bring one fine oil
bottol, wey dey send well-well, kom. 38 E knee down for Jesus front dey
kry and e kon dey wet Jesus leg with di tears from en eye. E klean Jesus
leg with en hair kon kiss dem, den e pour di oil put.
39 Wen di Farisee wey invite Jesus si wetin dey happen, e kon tok for en
mind sey, “If dis man na profet true-true, e for know sey dis woman wey
dey tosh am so, na sina e bi.”
40 Jesus kon tell di Farisee, “Simon, e get wetin I won tell yu.”
Simon kon sey, “Tisha, I dey listin.”
41 “E get one man wey get two savant wey dey owe am money, one dey
hold am 5,000 and di oda one, five hundred. 42 Wen two of dem nor fit
pay di money back, e kon sey make dem forget about di money. Afta dat,
wish of dem go like di man pass?”
43 Simon ansa, “Na di one wey en money big pass.”
Jesus kon tell am, “Wetin yu tok, korrect.”
44 Den Jesus look di woman kon ask Simon, “Yu dey si dis woman? I
enter yor house, yu nor give mi wota wosh leg, but di woman don wosh
my leg with en tears kon take en hair klean am. 45 Wen I enter yor house,
yu nor kiss or greet mi as awa tradishon bi, but since I enter, dis woman
neva stop to kiss my leg. 46 Yu nor pour oil for my head, but dis woman
don anoint my leg with oil wey dey send well-well. 47 Make I tell yu, I don
forgive dis woman en many sins, so en love don big well-well, but di pesin
wey dem forgive small sin, en love go small.”
48 Den Jesus tell di woman, “I forgive yu all yor sins.”
49 But di pipol wey sidan dey chop with Jesus kon dey tell each oda,
“Who bi dis man wey dey forgive sin?”
50 So, Jesus tell di woman, “Yor faith don save yu; make peace follow yu
go.”

# 8

### *Jesus Ministry*

1 Afta sometaim, Jesus kon travel go all di town and village dey prish
di Good News about God Kingdom. Di twelf apostles 2 and some wimen
wey Jesus drive evil spirit and difren sickness komot for dia body, go with
am: Mary (wey dem dey koll Magdalin), wey Jesus drive seven demon
komot for en body, 3 Joanna, Shuza wife (wey bi managa for Herod house),
Susanna and many oda wimen wey dey use dia own money support Jesus
and en disciples.

### *Di Farmer Parabol*

4 Many pipol gada round Jesus and some still dey kom from difren place,
so e kon tell dem dis parabol: 5 “One man go plant seed for en farm. As
e dey plant, some fall for road, pipol mash dem pass and birds kon chop
dem. 6 Some wey fall for where stones dey kon grow and die, bikos wota
nor dey dat groun. 7 Odas fall for where shuku-shuku dey and wen dem

grow, di shuku-shuku grow too, kon shuk dem die. 8 But di ones wey fall
for betta groun, grow kon bear pass hundred seed."
Den Jesus sey, "Anybody wey get ear, make e hear!"
9 Den en disciples ask am wetin di parabol mean. 10 Jesus ansa dem,
"Una get di shance to know God Kingdom sekret, but dis oda pipol, na
only parabol dem go take hear am, so dat
"As dem dey look,
dem nor go si
and as dem hear,
dem nor go undastand.
11 "Na wetin di parabol mean bi dis: Di seed na God word. 12 Di ones
wey fall for road, na di pipol wey hear God word, but devil kon tif am
from dia heart, so dat dem nor go bilive and God nor go save dem. 13 Di
ones wey fall for where stones dey, na di pipol wey hear God word kon
receive am with happiness, but dem nor get rut. Dem bilive small, but wen
wahala kom, dem nor bilive again. 14 Di seeds wey fall for shuku-shuku,
na di pipol wey hear God word, but wahala, plenty propaty and jolly-jolly
for dis world kon shuk dem, so di fruit nor even ripe. 15 But di seeds wey
fall for betta groun, na di pipol wey hear God word, hold am with betta
mind, dey obey God and bear wahala, so dem kon bear plenty fruit."

### *Di Lite*

16 "Pesin nor go lite kandol kon take bucket kover am or hide am under
bed, but e go put am for where pipol go si am wen dem enter di house.
17 Bikos e nor get wetin pipol hide naw, wey God nor go bring out and
wetin dey sekret naw, God go bring am out for where lite dey. 18 So make
una listin well-well, bikos pesin wey get, God go gi-am more, but pesin wey
nor get, even di small one wey e tink sey e get, God go take am from en
hand."

### *Jesus Family*

19 Jesus mama and en brodas kom meet am, but dem nor fit go near am,
bikos pipol plenty for der. 20 So pipol tell am, "Yor mama and brodas dey
outside, dem won si yu."
21 Jesus ansa, "My mama and brodas na pipol wey dey hear and obey
God word."

### *Jesus Stop Breeze For Wota*

22 One day, Jesus and en disciples enter kenu, den e tell dem, "Make wi
cross go di oda side for di river." So dem kon go. 23 As dia kenu dey move
for di wota, Jesus dey sleep, den strong breeze start to blow and dem kon
dey fear, bikos wota dey enter di kenu.
24 Dem kon tell Jesus, "Oga God! Oga God! Na die wi dey so!"
Jesus get up kon kommand di breeze make e stop and di wota wey rof
before, stop and evriwhere kon kwayet. 25 Den Jesus ask dem, "Where una
faith dey?"
But dem dey fear and sopraiz dey tell each oda, "Wish kind man bi dis
sef? Even breeze and wota dey obey am!"

### *Jesus Heal Man Wey Get Demon*

26 Dem kon rish Gerasenes aria wey face Galilee. 27 As Jesus kom down
from di kenu, one man wey get demon for di town kom meet am. E don
tey wen dis man wear klot or stay inside house, but e dey stay for beri

groun. 28 Wen e si Jesus, e fall for en front kon shaut, “Make yu leave
mi! Jesus, God Pikin, Abeg yu, nor ponish mi!” 29 E shaut, bikos Jesus don
first kommand di evil spirit make e komot for en body (bikos di evil spirit
don disturb di man well-well and dem dey shain and guide am. But e dey
break di shain and di demon go drive am go inside wildaness.)

30 Jesus ask am, “Wetin bi yor name?” E ansa, “Na Legion, bikos wi
plenty inside am.” 31 Di demons kon beg Jesus make e send dem go inside
di river.

32 Near di river, many pig dey togeda dey chop and di evil spirits beg
Jesus make dem enter inside di pigs. So Jesus allow dem. 33 Di demons
komot for di man body go enter di pigs and all of dem rush enter di river
go die.

34 Wen di pipol wey dey keep di pigs si wetin happen, dem run go inside
town bigin spread di news. 35 So pipol run kom si wetin dey happen and
dem meet Jesus for der. Di man wey Jesus drive demon komot for en body,
don well and e wear klot sidan near Jesus leg, so fear kon katch di pipol.
36 Pipol wey si wetin happen, tell di town pipol how Jesus heal di man
wey get demon before. 37 Den all di pipol for Gerasenes and di aria wey
near der, kon tell Jesus make e leave dem, bikos dem dey fear well-well.
So Jesus and en disciples enter kenu kon komot for der.

38 Di man wey demon komot for en body beg Jesus make e follow am,
but Jesus tell am, 39 “Make yu go yor house go tell dem wetin God don do
for yu.” So di man kon go, dey tell pipol for di town wetin Jesus do for am.

### *Jesus Heal Jairus Dota*

40 Wen Jesus go back for di oda side for di river, pipol welkom am for
der, bikos e don tey wey dem dey wait for am. 41 Den Jairus wey bi oga for
di sinagog waka kom. E fall for groun near Jesus leg, dey beg am make e
kom en house, 42 bikos e only dota wey don rish twelf years, dey die.

As Jesus dey go di man house, pipol kon dey waka jam am anyhow bikos
dem plenty. 43 One woman dey among dem wey don dey mestrate for twelf
years naw, bikos nobody fit heal am. 44 E waka kom Jesus back kon tosh
Jesus klot korna and at wons, di blood kon stop.

45 Den Jesus ask, “Na who tosh mi?”

Wen evribody sey dem nor know, Pita kon tell Jesus, “Oga God, plenty
pipol gada round yu and all of dem body dey tosh yu!”

46 But Jesus sey, “Somebody tosh mi, bikos pawa komot for my body.”

47 Wen di woman si sey e nor go fit hide again, e kom out dey shake kon
fall for Jesus front. For evribody present, e tok wetin make am tosh Jesus
and how e kon well at wons. 48 Jesus kon tell di woman, “My pikin, yor
faith don heal yu. Make peace follow yu.”

49 As Jesus still dey tok, somebody run kom from Jairus house kon tell
Jairus sey, “Yor pikin don die, so make yu nor worry di tisha again.”

50 But wen Jesus hear am, e tell Jairus, “Make yu nor fear, just bilive and
yor pikin go well.”

51 Wen dem rish di house, Jesus nor let anybody follow am enter, escept
Pita, John and James with di pikin papa and mama. 52 Evribody for der
dey kry take body nak groun, but Jesus tell dem, “Make una nor kry, bikos
di girl neva die, na sleep e dey sleep.”

[53] Dem kon bigin laf am, bikos dem know sey di girl don die. [54] But Jesus
whole di girl hand kon sey, “My pikin, get up.” [55] Naim di girl spirit enter
di body back and e kon get up at wons. Den Jesus tell dem make dem
give di pikin food chop. [56] Di papa and mama sopraiz well-well, but Jesus
kommand dem make dem nor tell anybody wetin happen.

# 9

*Jesus Send En Twelf Apostles*

[1] Afta Jesus don koll di twelf disciples togeda, e give dem pawa and
authority to drive demon and to heal pipol wey nor well. [2] Den e kon
send dem go prish about God Kingdom and heal pipol wey nor well. [3] E
tell dem, “Make una nor take walkin stik, bag, bread, money or estra klot
follow body. [4] Make una stay for any house wey una enter until una komot
for dat aria. [5] Anywhere wey dem nor welkom una, make una shake di
san from una leg as una dey komot and dis go bi witness against dem.”
[6] Di disciples kon travel go all di village dem, dey prish di Good News and
heal pipol for evriwhere.

*Herod Dey Konfuse About Jesus*

[7] Wen Herod wey bi ruler hear about evritin wey dey happen, e konfuse,
bikos some pipol sey John don wake-up from deat [8] and odas sey Elijah don
appear, some still sey one old profet don wake-up. [9] Herod kon sey, “I orda
make dem kut John head komot, but who bi dis one wey I dey hear all dis
tins about so?” Bikos of dat, Herod kon try to find out more about Jesus.

*Jesus Feed 5,000 Pipol*

[10] Wen di apostles kom back, dem tell Jesus evritin wey dem don do.
Den Jesus take only dem follow body go Betsaida. [11] But wen pipol know,
dem kon follow Jesus and en disciples go der. E welkom dem, den tell dem
about God Kingdom and e heal doz wey nor well.

[12] Wen day don dey dark, di disciples kon tell Jesus, “Tell dis pipol make
dem go, so dat dem go-go di village and farm wey near dis aria go fine
food chop kon sleep for der, bikos dis place na wildaness.”

[13] But Jesus ansa, “Make una give dem food chop.”

Dem kon sey, “Na only five bread and two fish wi get, unless yu wont
sey make wi go buy food for all of dem.” [14] (Di men wey dey der alone
rish 5,000).

Jesus tell en disciples, “Tell di pipol make dem sidan fifty-fifty.” [15] Di
disciples do as Jesus tok and all di pipol kon sidan. [16] Den Jesus take di
five bread and two fish, e look heaven, tank God, den e kon divide dem.
E give di bread and fish to en disciples, make dem share am for di pipol.
[17] Evribody chop beleful and wen dem gada di food wey remain, e full
twelf basket.

*Pita Tok Who Jesus Bi*

[18] As Jesus dey pray alone and en disciples dey near am, e kon ask dem,
“Na who pipol dey tok sey I bi?”

[19] Dem ansa, “Some sey yu bi John di Baptist, odas sey yu bi Elijah and
odas still sey yu bi one old profet wey wake-up from deat.”

[20] Den Jesus ask dem, “But who una tok sey I bi?”

Pita kon ansa, "Yu bi di Mezaya wey God send." 21 But Jesus warn dem
well-well sey make dem nor tell anybody about am.

22 Den Jesus tell dem, "God Pikin go sofa many tins: di eldas, di priest
oga dem and di law tishas go rijet am, dem go kill-am and afta three days,
God go wake am up."

### *How To Bi Jesus Disciple*

23 So Jesus tell all of dem, "If pesin won follow mi, e must forget ensef,
karry en cross evriday, dey follow mi. 24 Bikos anybody wey won save
en life, go luz am and anybody wey luz en life bikos of mi, go save am.
25 Wetin pesin go gain if e get di whole world, but e luz en soul? 26 Anybody
wey dey shame for mi and my word, Man Pikin go shame for am wen e go
kom back for en glory and di glory wey en Papa and di angels get. 27 But I
tell una true word, some pipol wey stand for here nor go die, before dem
go si God Kingdom."

### *Jesus, Moses And Elijah*

28 One week afta Jesus tok all dis tins, e kon take Pita, John and James go
on-top one mountin go pray. 29 As e dey pray, en face shange and en klot
kon dey shine like lite. 30 At wons, Moses and Elijah kon dey tok with am.
31 As dem appear with glory, dem kon tell Jesus how e go sofa and die for
Jerusalem, as dem rite for God word. 32 Pita and di odas wey dey with am
dey sleep before, but at wons sleep komot from dia eye and dem si Jesus
glory and di two men wey stand with am. 33 Den as Moses and Elijah won
go, Pita kon tell Jesus, "Oga God, e good make wi stay here. Make wi build
three tent, one for yu, one for Moses and one for Elijah." (Pita nor even
know wetin e dey tok.)

34 As e still dey tok, one kind kloud surround dem, fear kon katch di
disciples, as Moses and Elijah enter di kloud. 35 One vois from di kloud
kon sey, "Dis na my pikin wey I choose. Make una listin to am!" 36 Afta
di vois don tok finish, Jesus kon dey alone for di place, but di disciples
kwayet and dem nor tell anybody wetin dem si.

### *Jesus Heal Boy Wey Get Evil Spirit*

37 Di next day wen dem kom down from di mountin, many pipol kom
meet Jesus. 38 Den one man among di pipol kry kom, "Tisha, Abeg yu, si
my pikin, na-im bi di only boy wey I get! 39 Evil spirit dey worry am and
e dey make am shaut. Di spirit dey shake am and foam dey komot for en
mout. Di spirit nor gri leave am and e dey trobol am well-well. 40 Abeg
yor disciples make dem drive di demon komot, but dem nor fit."

41 Jesus kon tell dem, "Una wey dey do bad tins and nor gri bilive, how
long I go stay with una?" Den e tell di man, "Bring yor pikin kom here."

42 As di boy dey kom, di demon trow am for groun, e start to dey shake
and foam kon dey komot from en mout. Den Jesus kommand di demon
make e komot and e heal di boy, kon gi-am to en papa. 43 Den evribody
wey dey der kon sopraiz as dem si God pawa.

But as di pipol still dey sopraiz, Jesus kon tell en disciples, 44 "Make una
nor forget wetin I won tell una, dem go sell God Pikin give human being."
45 But dem nor undastand dis word, bikos God hide am from dem make
dem for nor know wetin di word mean. Di disciples demsef dey fear to
ask Jesus about di matter.

### *Matter About Who Big Pass*

46 Di disciples kon dey ask demsef, "Who big pass among us for God
Kingdom?" 47 Wen Jesus know wetin dem dey tok, e bring one small pikin
near am 48 kon tell dem, "Anybody wey welkom dis small pikin bikos of
mi, don welkom mi and anybody wey welkom mi, don welkom God wey
send mi, bikos di pesin wey small pass among una, na-im big pass for God
Kingdom."

### *Jesus Side*

49 John tell Jesus, "Oga God, wi si one man dey drive demon with yor
name and wi tell am make e stop, bikos e nor dey with us."
50 Jesus kon ansa am, "Nor stop am, bikos anybody wey nor dey against
us, dey awa side."

### *Dem Rijet Jesus For Samaria*

51 Wen di time wey God go take Jesus go heaven don near, Jesus tink for
en mind sey, e go-go Jerusalem. 52 E kon send messenjas go for front and
dem enter one village for Samaria go prepare evritin before e go rish der,
53 but di villagers nor gri welkom am, bikos dem si sey, e won go Jerusalem.
54 Wen James and John si wetin happen, dem kon sey, "Oga God, yu wont
make wi koll fire down from heaven kon kill dis pipol?" 55 But Jesus turn
warn dem, 56 den en and dem kon go anoda village.

### *Who Go Follow Jesus*

57 As Jesus dey go for road, one man kon tell am, "I won follow yu go
anywhere wey yu dey go." 58 Jesus kon tell am, "Rabbits get whole, birds
get nest, but Man Pikin nor get anywhere to put en head!"
59 Jesus kon tell anoda man, "Make yu follow mi," but dat one sey, "Oga
God, make I first go beri my papa."
60 Jesus kon tell am, "Make doz wey don die, beri who don die. But make
yu go prish about God Kingdom."
61 Anoda pesin kon sey, "Oga God! I go like to follow yu, but make I first
go tell my family bye-bye."
62 Jesus tell am, "Pesin wey put hand for dis work, den e kon dey look
back, nor get part for God Kingdom."

# 10

### *Jesus Send Seventy-two Men*

1 Afta, Jesus choose seventy-two men kon send dem two-by-two go all
di town and oda place where e won go leta. 2 E tell dem, "Di fruit wey
dem won plok, plenty, but pipol wey go plok dem, nor plenty rish. Make
una pray make di Oga God wey get di farm send workers kon gada en
fruit. 3 Make una go! I dey send una like small-small sheep go meet wiked
animal. 4 Make una nor take bag or shoe and nor greet anybody for road.
5 "Wen una enter any house, make una first sey, 'Make peace dey dis
house!' 6 If anybody wey wont peace dey der, una peace go stay with am,
but if e nor dey, una peace go kom back to una. 7 Make una stay for dat
house, chop and drink anytin wey dem give una, bikos anybody wey dey
work, suppose to get en pay. Make una nor dey waka from one house go
anoda.

8 “Wen una enter any town and dem welkom una, make una chop di
food wey dem give una 9 and heal di pipol wey nor well for dat town, den
tell di pipol wey dey der sey, ‘God Kingdom don kom meet una.’ 10 But wen
una enter any town and dem nor welkom una, make una go road kon sey,
11 ‘Even di san for una town wey dey awa leg, wi shake am komot make e
bi witness against una. But make una know sey: God Kingdom don kom
meet una.’ 12 I tell una true word, e go betta for Sodom for judgement day
pass dat town!
13 “Korazin and Betsaida pipol, curse dey una head! Bikos if to sey na for
Tyre and Sidon dem for do di mirakles wey dem do for una town, di pipol
der for don turn from sin kom meet God since, dem for don sidan, wear
sack-klot and put ashes for dia head kon dey beg God make E forgive dem.
14 But e go betta for Tyre and Sidon pipol pass una for judgement day!
15 Una Kapanaum pipol, una tink sey God go just karry una go heaven?
No, E go trow una for hell-fire.”
16 Jesus tell en disciples, “Anybody wey listin to una, don listin to mi and
anybody wey rijet una, don rijet mi and God wey send mi.”
17 Di seventy-two men kon kom back with happiness, dey sey, “Oga God,
even demons dey obey us wen wi kommand dem with yor name!”
18 Jesus tell dem, “I si Satan wen e fall like tunda-lite from heaven.
19 Make una listin, I don give una pawa to waka on-top snake and skorpion
and to ovakom all di enemy pawa, so nor-tin go fit wound una. 20 Make
una nor only dey happy sey evil spirit dey obey una, instead make una
happy sey God rite una name for heaven.”
21 For dat time, di Holy Spirit kon make Jesus dey happy, so e kon sey, “I
praiz yu, Papa wey bi Oga God for heaven and eart, bikos yu don hide dis
tins from pipol wey get sense and wise, but yu show dem to yor shidren.
Yes, Papa, na so yu wont make e bi.
22 “My Papa don give mi evritin. Nobody know who di pikin bi escept
di Papa and nobody know who di Papa bi escept di pikin and pipol wey
di pikin choose to show.”
23 Den Jesus kon face en disciples tell dem small-small, “God don bless di
pesin wey en eye si wetin una dey si so-o-o! 24 I tell una true word, ‘Many
profets and kings don try to si wetin una dey si so, but dem nor fit si am
and dem don won hear wetin una dey hear so, but dem nor fit hear am.’
”

### *Betta Pesin Parabol*

25 One man wey sabi di law well-well kon get up test Jesus, “Tisha, wetin
I go do to take get life wey nor dey end?”
26 Jesus kon ask am, “Wetin yu undastand about Moses Law?”
27 Di man ansa, “Make yu love God yor Oga God with all yor heart, yor
soul, yor pawa and mind, den love yor neighbour as yu love yorsef.”
28 Jesus kon tell am, “Yor ansa korrect, make yu do dem and yu go get
korrect life.”
29 But di man won show sey en know well-well, so e kon ask Jesus, “Who
bi my neighbour?”
30 Jesus tell am dis story, “One man dey travel from Jerusalem go Jeriko
and tif kon attack am for road, dem naked am, beat am till e nearly die,
den kon waka leave am. 31 Afta, one priest dey pass der, wen e si di man,
e waka pass for di oda side for di road. 32 Na so too, one worker for di

temple still waka rish where di man dey, but e waka pass di oda side for
di road. 33 But one Samaria man wey dey travel for dat road kon rish
where di man dey, as e si di man, e sorry for am. 34 E waka go meet di
man kon rob wine and olive oil for en sore and bandage am. Den e put
di man on-top en horse kon karry am go one hotel and e kare for am dat
nite. 35 Di next day, di Samaria man give di hotel manaja two silva koins
kon tell am, 'Make yu kare for dis man, wen I kom back, I go pay yu any
estra money wey yu spend.' "

36 Jesus kon ask di man wey e dey follow tok sey, "Among dis three men,
wish one yu tink sey bi neighbour to di man wey tif attack?"

37 Di man wey sabi di law well-well kon ansa, "Na di one wey kare for
di man."

So, Jesus kon tell am, "Make yu go do di same tin too."

### *Jesus And Marta*

38 As Jesus and en disciples still dey travel, dem rish one village and one
woman wey en name bi Marta kon welkom dem for en house. 39 Mary,
wey bi Marta sista, sidan near Jesus leg dey listin to wetin e dey tish. 40 But
Marta nor happy, bikos of all di work wey e dey do, so e meet Jesus kon
sey, "Oga God! Si, my sista don leave all di work for mi. Abeg, tell am
make e kom help mi."

41 Jesus ansa am, "Marta! Marta! Yu dey too wahala yorsef about many
tins, 42 na only one tin dey important and Mary don choose di korrect tin
and nobody go fit take am from am."

# 11

### *How To Pray*

1 One day Jesus dey pray for one place. Wen e pray finish, one of en disciples kon tell am, "Oga God! Make yu tish us how to pray, just as John tish en disciples."

2 So Jesus tell dem, "Wen una dey pray, make una sey:

" 'Awa Papa wey dey for heaven,
wi greet yu,
Make yor kingdom kom.
3 Give us di bread wey wi go chop today,
4 Make yu forgive us awa sins,
as wi dey forgive doz wey do us bad.
Nor let us enter temptashon.' "

5 Den Jesus tell dem, "Like sey one of una go meet en friend for mid-nite
sey, 'My friend, abeg give mi three bread, 6 bikos one of my friend wey
dey travel stop for my place and I nor get anytin to gi-am chop.'

7 "Den yor friend kon ansa from inside house, 'Make yu nor disturb mi.
I don lock my door and mi and my shidren dey sleep. I nor go fit get up
give yu anytin naw.' 8 I tell yu true word, even if di man inside, nor won
get up bikos yu bi en friend, e go get up give yu anytin wey yu wont, bikos
yu nor let am rest.

9 "So, I tell yu true word: Make yu ask and God go give yu, find and
yu go si wetin yu dey look for, make yu nok and di door go open for yu.
10 Bikos pesin wey ask, go get, pesin wey find, go si wetin e dey find and
di pesin wey nok, di door go open for am.

11 “Wish of una wey bi papa go give en pikin snake, if e ask for fish?
12 Or if di pikin ask for egg, una go gi-am skorpion? 13 Since una fit give
una pikin good tins as una bad rish, wot of una Papa for Heaven wey go
give di Holy Spirit to anybody wey ask am?”

### *Jesus And Belzibub*

14 One day, Jesus kon drive demon wey dey make pesin nor fit tok komot
for one man body. Wen di demon don komot, di man bigin tok and di pipol
sopraiz well-well. 15 But some among dem sey, “Belzibub wey bi demon
oga, na en pawa Jesus dey use take drive demons.” 16 But oda pipol kon
dey ask for sign from heaven, bikos dem won test Jesus.
17 Jesus know wetin dey dia mind, so e tell dem, “Any kingdom where
pipol dey fight each oda nor go last and family wey divide, go fall. 18 So,
if Satan kingdom divide, how en kingdom go take last? I dey ask una dis
tin, bikos una dey sey na Belzibub pawa I take dey drive demons. 19 If na
Belzibub pawa I take dey drive demons, den na wish pawa una pikin dem
dey use? So, na una pikin go judge una. 20 But if na God pawa I take dey
drive demon komot, den God Kingdom don rish where una dey.
21 “Wen pesin wey get pawa ready well-well guide en own house, all en
tins go dey save. 22 But wen pesin wey get pawa pass am attack and win
am, di pesin go karry all di tins wey di man take dey protet ensef kon
divide di propaty wey remain.
23 “Anybody wey nor dey with mi, dey against mi and anybody wey nor
dey work with mi, dey work against mi.

### *Jesus Work*

24 “Wen evil spirit komot for pesin body, e go dey waka anyhow, dey fine
where e go rest. But wen e nor si, e go tell ensef, ‘Make I go back to di
house wey I from komot.’ 25 But wen e kom back, kon si sey dem don swip
evriwhere klean, arrange am and nobody dey der, 26 e go-go bring seven
oda spirits wey wiked pass am join ensef and dem go stay for der, so di
pesin kondishon go worse pass as e bi before.”
27 As Jesus tok dis tins, one woman for der kon shaut, “God go bless di
belle wey born yu and di breast wey yu sok!”
28 Den Jesus sey, “Pipol wey hear God word and do wetin e tok, na dem
God don bless!”

### *Jonah Sign*

29 As pipol dey plenty more-more, Jesus kon sey, “Pipol wey dey dis world
naw wiked well-well; dem dey look for sign, but God nor go show dem any
sign, escept di tin wey happen for Jonah time. 30 Just as Jonah bi profet for
Nineveh pipol, na so Man Pikin go bi sign for di pipol wey dey dis world
naw. 31 For Judgement Day, Sheba Kween go bear witness against pipol
wey dey dis world naw and God go kondemn dem, bikos di kween travel
from far place kom hear di wise tins wey Solomon tish. But naw, pesin
wey big pass Solomon dey here! 32 For Judgement Day, na so too Nineveh
pipol go bear witness against pipol wey dey dis world naw, bikos dem turn
from sin kom meet God wen Jonah prish give dem. But naw, pesin wey
big pass Jonah dey here.”

### *Lite For Inside House*

33 “Nobody dey lite lamp put for under basket or for where pipol nor go
fit si am, but dem go put am for where pipol go si am wen dem enter di
house. 34 Na eye bi di lamp wey body get. If yor eye well, lite go full yor
whole body, but wen yor eye nor well, na darkness go full yor body. 35 So
make sure sey wetin dey inside yu, na lite, nor bi darkness. 36 If lite full
yor body and darkness nor dey inside at-all, e go shine well-well like wen
lamp dey shine for yor face.”

### *Jesus Nor Agri With Di Farisee Pipol And Law Tishas*

37 As Jesus dey tok, one Farisee koll am kom en house kon chop, so Jesus
go sidan for where dem go for chop. 38 Di Farisee sopraiz well-well wen e
si sey Jesus nor first wosh-hand, before e bigin chop.

39 But Jesus tell am, “Una wey bi Farisee pipol dey wosh outside cup and
plate, but inside una belle, long-trot and wikedness full am. 40 Una bi fool!
Nor bi God wey make di outside still make inside? 41 But make una from
una heart give to pipol wey nor get, so dat evritin go dey klean for una.

42 “Curse dey una head! Una wey bi Farisee pipol! Una dey give God
one out of evry ten tins wey una get! But una dey forget pipol wey nor
get.

43 “Curse dey una head! Una wey bi Farisee pipol! Una dey won sidan
for betta chair for sinagog and una dey like make pipol dey greet una for
market.

44 “Curse dey una head! Una bi like grave wey pipol dey mash pass and
dem nor know sey na grave.”

45 One man wey know di law well-well kon ansa, “Tisha, yu dey curse
us as yu dey tok like dis so o-o.”

46 But Jesus ansa am, “Curse dey una head! Una wey know di law well-
well! Una karry heavy load put for pipol back and una nor won even take
hand tosh di load!

47 “Curse dey una head! Una dey build profets grave, di profets wey una
grand-grand papa kill. 48 Dis show sey una support di tins wey una grand-
grand papa dem do, bikos dem kill di profets and una build dia graves!
49 Na dis one make God tok with en wisdom sey, ‘I go send profets and
apostles go meet dem and dem go sofa and kill some among dem.’ 50 So di
profets blood wey dem don kill since di world start, di pipol wey dey dis
world naw, go take dia head karry am. 51 From wen dem kill Abel go rish
di time wen dem kill Zekaraya for di altar inside di temple, dia blood dey
dis pipol head and God go judge dem.

52 “Curse dey una head! Una wey know di law well-well! Una don seize
di key wey dey make pipol know di trut! Since una nor gri enter, una nor
wont make oda pipol enter too.”

53 Wen Jesus komot from der, di pipol wey know di law well-well and di
Farisee pipol kon dey vex, so from dat time, dem kon bigin ask Jesus yeye
kweshon about many tins 54 and dem kon dey plan, so dat dem go fit find
word for en mout, wey dem go take hold am.

# 12

### *Fear Only God*

1 Plenty pipol gada around Jesus kon dey waka jam one anoda, so Jesus
kon tell en disciples, “Make una shine una eye well-well, bikos of di Farisee

pipol wey dey pritend. [2] Anytin wey pipol hide naw, go kom out for publik
and anytin wey dey sekret naw, God go bring am out. [3] So anytin wey
pesin do for darkness, go kom out for lite and anytin wey pesin tok for
sekret, pipol go shaut am from on-top house.
[4] "I tell una wey bi my friends, make una nor fear pipol wey fit kill pesin,
but dem nor fit do pass dat. [5] But make I tell una who una must fear: Make
una fear di Pesin wey get pawa to trow una inside hell-fire afta E don kill
una. Yes, I tell una true word, na-im una must fear! [6] Nor bi two koins
dem dey sell five sparo bird? But God nor dey forget any one among dem.
[7] Si, God know di nomba of hair wey dey una head. So make una nor fear,
bikos una betta pass many sparo bird.
[8] "I tell una true word, anybody wey stand up for publik sey en know
mi, mi too go stand up for am for where God angels dey. [9] But pesin wey
rijet mi for where pipol dey, mi too go rijet am for where God angels dey.
[10] And anybody wey tok bad about Man Pikin, God go fit forgi-am, but
pesin wey tok bad about di Holy Spirit, God nor go forgi-am.
[11] "Wen dem karry una go sinagog or go meet govnors and pipol wey get
pawa to judge una kase, make una nor worry about how una go defend
unasef or wetin una go tok, [12] bikos di Holy Spirit go tell una wetin to tok,
wen dat time rish."

### *Landlord Parabol*

[13] Den one pesin among di pipol kon sey, "Tisha, tell my broda make e
divide di propaty wey awa papa die leave for us."
[14] But Jesus ask am, "My friend, na who make mi judge for una two
matter?" [15] Den Jesus tell dem, "Make una guide against long-trot, bikos
nor bi wetin pesin get for dis life go save am."
[16] So Jesus kon tell dem one parabol: "One rish man plok plenty food
from en farm, [17] so e kon tink for en mind sey, 'Wetin I go do naw? Bikos
I nor get anywhere to keep all dis food wey I plok so.'
[18] "Den di man sey, 'I know wetin I go do: I go skata my stores kon build
new big-big one wey I go keep all my food and oda tins wey I plok. [19] Den
I go tell mysef, "Yu get plenty food wey go last yu for many years, so make
yu go sleep, chop and drink, dey enjoy yorsef!" '
[20] "But God kon tell di man, 'Yu bi fool! Dis nite, yu go die, den who go
kon get all dis tins wey yu don gada for yorsef?'
[21] "Na so e go bi with pesin wey dey gada money keep for ensef, but en
heart nor dey with God."

### *Make Una Nor Worry*

[22] Jesus tell en disciples, "Naw I dey tell una, make una nor worry about
una life, wetin una go chop or klot wey una go wear for body. [23] Bikos life
good pass food and awa body betta pass klot. [24] Make una tink how birds
bi: Dem nor dey plant or plok, dem nor get where dem dey keep food put,
but God dey give dem food chop. If God dey kare for dem, wot about una
wey betta pass dem? [25] Wish of una go fit add one hour join en life, bikos
e dey worry? [26] So, if una nor fit do dis simpol tin, why una dey worry
about di odas?
[27] "Make una tink of how flowers dey grow: Dem nor dey work or make
klot for demsef. But I tell una true word, even Solomon for all di glory

wey e get, nor dress fine rish flowers! 28 If God dey dress flowers wey dey
today and pipol go kut am trow for fire tumoro, dat God nor go fit kare
for una? Una faith small well-well o-o! 29 Make una nor dey worry about
wetin una go chop or drink. 30 Na bikos of all dis tins, pipol wey nor know
God dey worry demsef, but una Papa for heaven know sey una nid dem.
31 Instead, make una first struggol to enter God Kingdom and God go give
una all di oda tins.

32 "Make una nor fear, una wey bi small sheep, bikos una Papa go happy
to give una di kingdom. 33 Make una sell evritin wey una get and give di
money to poor pipol. Bag wey nor go tear, make una take am gada betta
tins for heaven, where tif nor go fit rish and siti-siti nor go fit spoil dem.
34 Bikos na where yor propaty dey, na der yor heart go dey too.

### *Savant Wey Get Faith*

35 "Make una ready to serve God and make una lite dey shine evritime.
36 Make una bi like pipol wey dey wait for dia oga to kom back from party,
so dat wen e nok, una go kwik open door for am. 37 Di savant wey en
oga go kom back kon meet am dey work, make e happy well-well bikos di
oga go prepare ensef make e for serve di savant food for tabol. 38 Make
doz savant happy well-well, even if di oga kom for nine or three oklok for
nite kon si sey dem neva sleep. 39 But make una know sey, if di owner of
di house know wen tif dey kom, e nor go let di tif break enter en house.
40 Una must dey ready too, bikos Man Pikin go kom wen nobody dey espect
am."

41 Den Pita ask am, "Oga God, na only wi yu dey tell dis parabol, abi na
evribody?"

42 Jesus ansa, "Who bi di manaja wey get sense and nor dey do wayo?
Na pesin wey di oga put make e kare and give di oda savants dia food for
di rite time? 43 Di savant wey en oga kom back kon meet am dey do en
work, make e happy well-well. 44 I tell una true word, di oga go sey make
e kare for all en propaty. 45 But if dat savant tink for en mind sey, 'My oga
go tey small and e bigin beat di oda savants, weda na man or woman; e
kon dey chop, dey drink anyhow, 46 den di oga kon kom back for di day
wen di savant nor tink sey e go kom. Di oga go ponish di savant kon lock
am for where dem dey keep wiked pipol.'

47 "Di savant wey know wetin en oga wont and e nor do am, dem go
flog am well-well. 48 But di savant wey nor know wetin en oga wont and
e do tins wey go make dem flog am, dem go flog am small. Pesin wey God
give plenty tins to, E go ask plenty tins from am and di ones wey God give
plenty, E go ask doubol from dem."

### *Jesus Word Divide Pipol*

49 "I bring fire kom dis world and I wish sey di fire don dey katch! 50 E
get one baptizim wey dem go baptize mi and my mind nor go fit rest until
e happen! 51 Una tink sey na peace I bring kom dis world? No, I kom
divide una! 52 From naw go, family wey bi five go divide, three go dey
against two, two go dey against three. 53 Papa go dey against en son and
son go dey against en papa, mama go dey against en dota and dota go dey
against en mama, husband mama go dey against en pikin wife and wife
go dey against en husband mama."

### *How To Undastand Wetin Go Happen*

54 Jesus tell di pipol, "Anytime una si sey di kloud dey go west, una dey
know sey, heavy rain won fall and true-true, e go fall. 55 And wen una si
breeze dey blow from east, una go sey, 'Heat go dey today' and na so e go
bi. 56 Una wey dey pritend! Una fit tok how di weda go bi, but why una
nor fit tok wetin dey happen so?"

### *Pay Wetin yu Whole*

57 "Why una nor dey tok wetin dey good for pipol to do? 58 If yu and
pesin get kase and una dey go kourt, make yu try setol with am for road,
so dat e nor go drag yu go meet di judge, wey go give yu to sojas and dem
go trow yu inside prison. 59 I tell una true word, yu nor go komot for der
until yu pay all di money wey yu dey whole!"

# 13

### *Turn From Sin Kom Meet God*

1 Some pipol wey dey der wen Jesus dey tok kon tell am how Pilate kill
some Galilee pipol kon mix dia blood with dia sakrifice. 2 Jesus ansa dem,
"Una tink sey na doz Galilee pipol sin pass evribody, bikos dem sofa all dis
tins? 3 I tell una true word, nor bi so e bi! Unless una turn from sin kom
meet God, all of una go die too! 4 Doz eighteen pipol wey die wen towa
fall for dia head for Siloam, una tink sey na dia sin big pass for Jerusalem?
5 I tell una true word, nor bi so e bi! Unless una turn from sin kom meet
God, all of una go die too!"

### *Israel Pipol, Make Una Bear Fruit*

6 Jesus tell dem dis parabol, "One man plant fig tree for en farm, so e
kon dey look for fruit from di tree, but e nor si. 7 Naim e kon tell doz wey
dey wosh di farm sey, 'Since three years naw, I dey fine fruit for dis tree,
but wen I look, I nor dey si. So, make una kut am down! Why wi still let
am dey take space?' 8 But di farmer ansa, 'Oga God, still leave am for dis
year make I put fertaliza, 9 Den if e bear fruit next year, wi go leave am,
but if e nor bear, yu fit kut am trowey.' "

### *Jesus Heal For Sabat Day*

10 Wen Jesus dey tish for one sinagog for Sabat Day, 11 one woman wey
evil spirit bend en body for eighteen years dey der. 12 Wen Jesus si am, e
koll di woman kon tell am, "Woman, yu don free from yor trobol." 13 Jesus
tosh di woman and at wons, en body kon strait and e start to praiz God.

14 But di oga for di sinagog vex sey Jesus heal pesin for Sabat Day, so e
kon tell di pipol, "Wi get six days wen pipol suppose work, so make una
kom make dem heal una for doz six days, but nor bi for Sabat Day."

15 Den Jesus ansa am, "Yu wey dey pritend! Una nor dey luz una melu or
donkey from rope go drink wota for Sabat Day? 16 So make I nor free dis
woman wey bi Abraham pikin, wey dey Satan prison for eighteen years,
bikos today na Sabat Day?"

17 Wen Jesus tok dis tin, shame katch all en enemies, so di pipol kon dey
happy, bikos of wetin Jesus dey do.

### *God Kingdom*

[18] Jesus ask di pipol, "Wetin God Kingdom bi like? How I won take
diskribe am? [19] E bi like mustard seed wey pesin plant for en farm. Di
seed grow kon turn to big tree and birds build dia house for di tree."
[20] Jesus tok again sey, "Wetin I go tok sey God Kingdom bi like? [21] E bi
like yist wey woman mix with three basket of flower so dat di bread go
raiz."

*Small Door*

[22] Jesus travel pass some town and village kon dey tish as e dey go
Jerusalem. [23] Somebody kon ask am, "Oga God, na only few pipol God
go save?"
Jesus tell dem, [24] "Make una struggol well-well so dat una go fit pass di
small door, bikos many pipol go try to enter God Kingdom, but dem nor
go fit. [25] If di Oga God wey get di house go lock di door, una go stand for
outside dey nok and beg sey, 'Oga God, make yu let us enter!'

"But e go ansa, 'I nor know where una from kom.'
[26] "Den una go sey, 'Wi chop and drink with yu and yu tish for awa town
too.'
[27] "But e go sey, 'I nor know where una from kom! Make una nor near
mi, una bi wiked pipol!'
[28] "Una go kry dey grind tit wen una si Abraham, Isaak, Jakob and all
di profets inside God Kingdom, but God go trow una for outside. [29] Pipol
go from east, west, nort and sout kon sidan for di party for God Kingdom.
[30] Den doz wey bi last, go bi first and doz wey bi first, go bi last."

*Jesus Go Jerusalem*

[31] Dat time, some Farisee pipol kom meet Jesus tok sey, "Run komot for
here, bikos Herod won kill yu."
[32] But Jesus tell dem, "Make una go meet dat yeye man tell am, 'Si, for
today, tumoro and next tumoro, I go still dey drive demons dey heal pipol,
until my work go finish.' [33] But for today, tumoro and next tumoro, I go-go
my way, bikos e nor fit happen sey dem go kill profet outside Jerusalem.
[34] "Jerusalem pipol! Jerusalem pipol! Una wey kill profets and stone
pipol wey God send kom meet una! E don tey wey I won gada una shidren
as fawol dey gada en pikin under en feada, but una nor gri! [35] Make una
look, una shidren don skata! And I tell una true word, una nor go si mi
again until una go sey, 'God don bless di pesin wey kom with en name!' "

# 14

*Jesus Heal For Sabat Day Again*

[1] For one Sabat Day, wen Jesus go chop for one Farisee oga house, di
pipol kon dey look am, [2] bikos one man wey en hand and leg swell-up,
stand for en front. [3] Jesus kon ask di pipol wey sabi di law well-well and
di Farisee pipol sey, "E dey rite to heal for Sabat Day?" [4] Dem nor tok
anytin. Naim Jesus hold di man, heal am kon sey make e dey go.
[5] Den Jesus tell dem, "If any of una get pikin or melu wey fall inside well
for Sabat Day, una nor go kwik-kwik draw am kom out?" [6] But dem nor
fit ansa.

*Pipol Wey Dey Fine Betta Chair For Church*

[7] Wen Jesus si how di pipol wey dem invite dey rush to sidan for betta
chair, e kon tell dem one parabol: [8] "Wen dem invite yu go party, nor rush

go sidan for betta chair, bikos di pesin wey dey do di party fit don invite
pesin wey big pass yu. 9 Den di pesin wey invite two of una go tell yu,
'Get up make dis man sidan.' Den with shame, yu go-go sidan for back.
10 But wen dem invite yu, make yu sidan for back chair, so dat wen di
pesin wey dey do di party si yu, e go sey, 'My friend, kom sidan for dis
betta place for front.' Den all di pipol wey dey follow yu chop, go give yu
respet. 11 Anybody wey dey karry body up, dem go bring am down and
anybody wey put en body for groun, dem go karry am up."

12 Jesus still tell di man wey invite am, "Wen yu dey do party, nor invite
yor friends, brodas, rilashons and neighbours wey get money, so dat wen
dem dey do dia own party, dem go invite yu too. 13 Instead wen yu dey do
big party, make yu invite poor pipol, pipol wey dia leg or hand kut komot,
pipol wey nor fit waka and pipol wey nor dey si. 14 Den, God go bless yu,
bikos dem nor go fit pay yu back, but na God go pay yu wen E go raiz en
pipol from deat; di pipol wey do wetin E like."

### *Di Big Party*

15 Wen one of di pipol for di party hear wetin Jesus tok, e kon tell Jesus,
"God don bless evribody wey go chop for di party for en kingdom!"

16 But Jesus tell am, "One man do big party kon invite many pipol kom.
17 Wen di party time rish, e kon tell en savant make dem go tell evribody
wey e invite sey, 'Make una kom, bikos evritin don ready.'

18 "But all of dem kon dey komplain one-by-one. Di first one sey, 'I just
buy land and I won go si am. Abeg, make yu nor vex.'

19 "Anoda one sey, 'I just buy ten melu and I dey go look how dem bi.
Abeg, make yu nor vex.'

20 "Di last one kon sey, 'I nor go fit kom, bikos I just marry new wife.'

21 "So di savant kom back kon tell en oga evritin wey dem tok. Di oga vex
well-well kon tell di savant, 'Make yu go all di street and korna-korna wey
dey dis town, go bring poor pipol: pipol wey dia leg or hand kut komot
and pipol wey nor fit waka kon di party.'

22 "Afta, di savant sey, 'Oga God, I don do wetin yu tok and di party neva
still full.'

23 "So di oga tell di savant, 'Make yu go main road and enter evriwhere
for di aria, tell pipol make dem kom, so dat my house go full.' 24 Bikos I
tell yu, nobody among doz pipol wey I first invite, go taste my food!"

### *Disciple Go Sofa*

25 Plenty pipol dey waka follow Jesus for road, so e turn look dem kon
sey: 26 "If anybody kom meet mi and e nor love mi pass en papa, mama,
wife, pikin, brodas and sistas, even en ownsef, e nor go fit bi my disciple.
27 Anybody wey nor gri karry en cross follow mi, nor fit bi my disciple.

28 "Wish of una wey won build big house, nor go first kakulate weda di
money wey e get go rish to finish am? 29 If e nor do so, wen e don lay di
foundashon and e nor fit finish di house, evribody wey si wetin happen,
go kon dey laf am. 30 Dem go sey, 'Dis man start to build house and e nor
fit finish am!'

31 "Abi wish king wey won go fight anoda king, nor go first sidan tink
weda di 10,000 men wey e get go fit fight di 20,000 wey di oda king get?
32 If e si sey e nor go fit win, e go send messenja wen di oda king still dey

far, go ask am how dem go take setol. 33 Like dis too, nobody fit bi my
disciple if e nor komot en mind from evritin wey e get.

*Salt*

34 "Salt good, but if e nor get taste, how dem go fit make am sweet again?
35 Pipol nor go fit use am do anytin, na trowey dem go trowey am. Anybody
wey get ear, make e hear wetin I dey tok!"

# 15

*Sheep And Money Wey Lost Parabol*

1 Anytime Jesus dey prish, tax kollectors and sinnas dey kom listin to
am. 2 But di Farisee pipol and di law tishas dey komplain sey, "Dis man
dey follow sinnas chop."

3 So, Jesus kon tell dem dis parabol: 4 "If yu get hundred sheep and one
lost, yu nor go leave di ninty-nine wey remain go find dat one till yu si
am? 5 Den wen yu si am, yu go karry am for shoulder, dey happy. 6 Wen
yu rish house, yu go koll yor friends and neighbours sey, 'Make una kom
follow mi happy, bikos I don si my sheep wey lost before.' 7 I tell una true
word, na so happiness dey for heaven wen one sina turn from sin kom
meet God, pass ninty-nine good pipol wey don already dey with God.

8 "Or, if one woman get ten koins and one lost, wetin e go do? E nor go
lite lamp, swip di whole house until e si am? 9 Wen e don si am, e go koll
en friends and neighbours gada kon sey, 'Make una kom follow mi happy,
bikos I don si my money wey lost before.' 10 I tell una true word, na so
God angels dey happy, wen one sina turn from sin kom meet God."

*Papa Wey Sorry For En Pikin*

11 Den Jesus sey, "One man dey wey get two sons. 12 Di yonga one kon
tell en papa, 'Give mi my own share for awa propaty.' So en papa kon
gi-am.

13 "Afta sometaim, di yong boy karry evritin wey e get travel go one far
kountry kon waste all en money for yeye life. 14 Wen e don finish all wetin
e get, e nor si anytin to chop, bikos honga dey for dat kountry, so e kon
dey sofa. 15 E kon dey work for one man for der, di man dey send am go
en farm go give pig food. 16 Di honga kon make am dey won chop di food
wey di pig dem dey chop, bikos nobody gi-am food.

17 "But wen en eye klear, e kon sey, 'All my papa workers get food wey
dem nor fit chop finish, but hongry don nearly kill mi for here! 18 I go get
up go meet my papa tell am, "Papa I don sin against heaven and against
yu. 19 I nor rish make dem koll mi yor pikin again. Make yu take mi as
yor worker." ' 20 So e get up kon go meet en papa.

"But wen en papa si am dey kom from far, e sorry for am, run go meet
am, hold am near body kon kiss am.

21 "Den di pikin tell am, 'Papa, I don sin against heaven and yu. I nor
rish make dem koll mi yor pikin again. Make yu take mi as yor worker.'

22 "But di papa koll en savants kon tell dem, 'Make una bring di best
klot, ring and shoe and make una wear dem for my pikin. 23 Den, make
una go take di melu wey fat pass, kill-am make wi do party, 24 bikos dis my
pikin die before, but naw, e don kom back to life, e lost before, but naw, I
don si am!' So di party kon start.

25 “By dat time, di senior son dey kom from farm where e go work. Wen
e don near house, e kon dey hear music and si pipol dey dance. 26 So e
koll one savant kon ask am, ‘Wetin dey happen?’ 27 Di savant ansa, ‘Yor
broda don kom back and yor papa don kill di melu wey fat pass, bikos e
kom back well and nor-tin bad happen to am.’
28 “Di senior broda kon dey vex and e nor gri enter house, so en papa
kon beg am make e enter. 29 So, e tell en papa, ‘Si, all dis many years I
dey work like slave for yu and e nor get anytime wey I disobey yu, but yu
neva give mi even one small goat make I do party with my friends. 30 But
wen dis yor pikin kom back afta e don waste all yor money with ashawo,
yu kon kill di melu wey fat pass for am!’
31 “Den di papa tell am, ‘My pikin, yu always dey here with mi and
evritin wey I get na yor own. 32 But e good make I do party, bikos yor
broda die before, but naw, e don kom back to life, e lost before, but naw,
wi don si am.’ ”

# 16

*Wise Savants Parabol*

1 Jesus tell en disciples, “E get one rish man wey hear sey en manaja
dey waste en money. 2 So e koll di manaja kon tell am, ‘I nor like wetin I
dey hear about yu. Make yu go rite how yu take dey spend all my money,
bikos yu nor go bi my manaja again.’
3 “Den di manaja tell ensef, ‘Wetin I go do naw? My oga won sak mi and
I nor strong rish to dig and na shame for mi to go beg. 4 I know wetin I go
do, so dat wen my oga sak mi, I go get friends wey go welkom mi for dia
house.’
5 “So e gada all di pipol wey dey hold en oga money. E kon ask di first
one, ‘How mush yu dey whole my oga?’
6 “Di man ansa, ‘One hundred gallon olive oil.’ Di manaja kon sey, ‘Take
dis paper, sidan kwik-kwik make yu rite fifty.’
7 “Den e ask anoda one, ‘How mush yu dey whole?’
“Di sekond man sey, ‘1,000 basket for wheat.’
“Di manaja tell am, ‘Take dis paper, make yu rite eight hundred.’
8 “Di oga praiz di wayo manaja, bikos of di wayo sense wey e use. Bikos
dis world pipol sabi use dia wayo sense for business pass pipol wey dey
for lite. 9 So I tell una true word, make una use una money well, so dat
una go make friends for unasef and wen di money finish, God go welkom
una for en kingdom wey go dey forever.
10 “Anybody wey fit handle small tins, go fit handle big tins too and
anybody wey do wayo for small tins, go still do wayo for big ones too. 11 If
pipol nor trust yu with money for dis world, God nor go fit give yu en
rishis for heaven. 12 And if pipol nor fit trust yu with dia propaty, na who
go give yu yor own?
13 “No savant go fit serve two oga, bikos e must hate one kon love di oda
one, or e go serve one with all en body dan di oda one. So, yu nor go fit
serve God and money for di same time.”

*Warnin About Di Farisee Pipol*

14 Wen di Farisee pipol (wey like money) hear dis one, dem kon dey take
Jesus make yeye. 15 But Jesus tell dem, “Na una dey make unasef good

for pipol eye, but God know una heart. Bikos wetin human being value
well-well, naim God nor like.
16 "Moses Law and di tins wey di profets rite, naim pipol dey follow,
before John di Baptist kom. But since e kom, dem don dey prish di Good
News about God Kingdom and evribody won force ensef enter. 17 E betta
make heaven and eart vanish, dan make even di small-small laws dey
yuzles.
18 "Any man wey drive en wife, den marry anoda woman, don kommit
adultery and di man wey marry woman wey leave en husband, don
kommit adultery too."

### *Lazarus And Di Man Wey Get Money*

19 "E get one rish man wey dey wear dear-dear klot and e dey enjoy life
evriday. 20 But for en gate, one poor man wey en name bi Lazarus and
sore full en body, liedan for der, 21 e dey wait to chop wetin fall from di
rish man tabol. Dogs sef dey kom lick di sore for en body.
22 "Di poor man kon die and angels karry am go where Abraham dey.
Di rish man still die too and dem beri am. 23 As di rish man dey for hell-
fire dey sofa, e kon look up si Abraham for far with Lazarus for en korna.
24 Naim e shaut, 'Papa Abraham, make yu sorry for mi, abeg send Lazarus
make e put en finger for wota kon tosh my mout, bikos I dey sofa inside
dis fire.'
25 "But Abraham ansa, 'My pikin, remember sey wen yu dey alive, yu
dey enjoy good tins, but Lazarus nor enjoy at-all. But naw, e dey enjoy for
here and yu dey sofa for der. 26 Nor bi only dat one sef, but dem block di
centre, so dat pipol wey won cross from here go meet una, nor go fit and
nobody go fit from una side cross kom meet us.'
27 "So di rish man kon sey, 'Abeg yu papa, make yu send Lazarus go my
papa house for di world, 28 (bikos I get five brodas), so dat e go warn dem,
make dem nor for kom sofa for dis place.'
29 "But Abraham ansa, 'Moses and di profets dey with yor brodas for di
world, so make dem listin to dia word.'
30 "Di rish man kon sey, 'No, sir! But if pesin wey don die go meet dem,
dem go turn from sin kom meet God.'
31 "Abraham ansa am, 'If dem nor gri listin to Moses and di profets, dem
nor go still listin, even if pesin wey don die go back go meet dem.' "

## 17

### *Faith And Work*

1 Jesus tell en disciples, "Tins wey go make pipol kommit sin must
happen, but e go bad well-well for di pesin wey go make dem happen!
2 E betta make dem tie big stone for di pesin neck, trow am for river, dan
sey e make any of dis small-small wons kommit sin. 3 Make yu shine yor
eye!
"If yor broda sin, make yu tell am. If e turn from sin kom meet God,
den, make yu forgi-am. 4 Even if e sin against yu seven times for one day
and e kon tell yu seven times sey, 'I don shange', yu must forgi-am."
5 Di disciples kon tell Jesus, "Wi beg! Make yu make awa faith strong."

6 Jesus ansa, “Even if una faith small like mustard seed, una go fit tell
dis big tree sey, ‘Make yu komot from here go enter river’ and e go obey
una.
7 “Wish of una go tell en savant wen e kom from farm afta e don feed
di sheep and melu finish sey, ‘Kom sidan, make yu follow mi chop’? 8 No!
Instead una go tell am, ‘Prepare my evening food and serve mi, make I
chop and drink. Wen I don finish, yu fit go chop yor own.’ 9 Di oga nor
go tank di savant sey e do wetin e send am, abi e go do so? 10 Na so too e
go bi with una. Wen una don do all wetin dem send una, make una sey,
‘Na savant wi bi, wi nor rish make dem praiz us, bikos wi just do wetin
wi suppose to do.’ ”

### *One Leper Tank Jesus*

11 As Jesus dey go Jerusalem, e kon pass di place wey divide Samaria
and Galilee. 12 As e dey enter one village, ten men wey get leprosy meet
am for road. Dem stand for far, 13 kon dey shaut, “Oga God Jesus! Wi beg,
make yu sorry for us.”
14 Wen Jesus si dem e kon sey, “Make una go show unasef to di priests.”
And as dem dey go for road, dia body kon well.
15 Wen one of dem si sey e don well, e kon turn back dey shaut dey praiz
God. 16 E fall face groun for Jesus front kon dey tank am. (Di man na from
Samaria.)
17 Den Jesus ask, “Nor bi ten pipol I heal? Where di oda Nine? 18 Na only
dis man wey bi strenja fit kom back kon praiz God?” 19 Den Jesus tell di
man, “Get up make yu dey go. Yor faith don make yu well.”

### *God Kingdom Dey Kom*

20 One day, di Farisee pipol kon ask Jesus wen God Kingdom go kom.
Jesus ansa, “God Kingdom nor go kom with sign wen pipol go si 21 and
nobody go fit sey, ‘Si am for here!’ Or ‘Si am for der!’ Bikos true-true, God
Kingdom don already dey with una.”

### *Man Pikin Dey Kom*

22 Den Jesus tell en disciples, “Di time dey kom wen una go won si Man
Pikin, but una nor go si am. 23 Dat time, pipol go tell una, ‘Si am for der!’
or ‘Si am for here!’ Make una nor follow dem. 24 Bikos as tonda lite dey
flash from one side go anoda for sky, na so Man Pikin go kom for en time.
25 But e must first sofa many tins and di pipol for dis generashon go rijet
am.
26 “As e bi for Noah time, na so e go still bi for Man Pikin time. 27 Dat
time, pipol dey chop and drink, even for di day wen Noah enter di ark,
men and wimen still dey marry, until wota kon distroy all of dem.
28 “Na so e still bi for Lot time, pipol dey chop and drink, dey buy and
sell, dey plant and build house; 29 but di day wen Lot komot from Sodom,
fire and sulfur fall like rain from heaven kon kill all of dem.
30 “Na so e go bi for di day wen Man Pikin go show ensef. 31 Dat day,
anybody wey dey on-top rut for en house, make e nor go inside house go
karry anytin and anybody wey dey farm, make e nor go back to en house.
32 Make una remember wetin happen to Lot wife! 33 Anybody wey won
keep en life, go luz am and anybody wey luz en life, go save am. 34 I tell
una true word, dat nite, two pipol go dey one bed, God go take one kon

leave di oda one. 35 Two wimen go dey grind pepper togeda; God go take
one kon leave di oda one. 36 Two pipol go dey farm dey work; God go take
one kon leave di oda one."

37 Den di disciples ask Jesus, "Oga God, for where dis tins go for happen?"

Jesus ansa, "Yu si, na where dead body dey, na der vultures dey gada put."

# 18

*Prayer*

1 Den Jesus tell dem one parabol to show sey, e good make pipol dey
always pray. 2 E sey, "One judge dey for one town wey nor dey fear God
and e nor dey respet anybody. 3 For dat town, e get one woman wey en
husband don die. E kon go meet di judge kon beg am, 'Make yu help mi, bikos some pipol dey shit mi.'

4 "Di judge nor first listin to am, but afta, e tok for en mind sey, 'Aldo I
nor dey fear God and respet anybody, 5 but bikos dis woman dey disturb
mi, I go make sure sey e get wetin e suppose get, oda-wise e nor go let mi rest with dis en beggy-beggy wey nor dey finish.' "

6 Jesus sey, "If di wiked judge tok like dis, 7 una nor tink sey God go help
en pipol wey dey kry to am both day and nite? Abi, God go wait tey before
E help dem? 8 I tell una true word, God go help dem kwik-kwik. But wen
Man Pikin kom back, e go si pipol wey get faith?"

*Di Farisee And Tax Kollector*

9 Jesus kon tell dis parabol to some pipol wey bilive and feel sey, na dem
holy pass and nobody good rish dem. 10 "Two men go inside Temple go
pray. One na Farisee and di oda one na tax kollector. 11 Di Farisee kon
stand dey pray about ensef sey: 'God, I tank yu sey I nor bi like oda pipol wey dey play wayo, dey sin, pipol wey dey kommit adultery or even like
dis tax kollector. 12 I dey fast two times a week and I dey pay one out of evry ten tins wey I get, give yu.'

13 "But di tax kollector stand for far place and e nor even look heaven, but kon nak en chest dey sey, 'God, make yu sorry for mi, bikos I bi sina!'

14 "I tell una true word, na di tax kollector God go forgive, nor bi di Farisee. Bikos anybody wey karry ensef go up, God go bring am down, but di pesin wey put ensef down, God go karry am up."

*Jesus And Small-small Shidren*

15 Some pipol kon bring dia pikin make Jesus tosh dem. But wen di disciples si dem, dem kon bigin shaut for di pipol wey bring di shidren.
16 But Jesus koll di shidren kon sey, "Make una allow di small-small shidren
kom meet mi, nor stop dem, bikos na pipol like dem get God Kingdom. 17 I
tell una true word, anybody wey nor receive God Kingdom like small pikin, nor go enter inside."

*Di Rish Man*

18 One day, one Jew oga ask Jesus, "Good tisha, wetin I go do to get life wey nor dey end?"

19 Jesus kon tell am, "Why yu dey koll mi good? Nobody good escept
God. 20 Yu know di kommandment dem wey sey, 'Make yu nor sleep with

pesin wey nor bi yor husband or wife, nor kill pesin, nor tif, respet yor
papa and mama.' "
21 Di man ansa Jesus, "I dey obey all dis law with all my heart since I bi
small boy."
22 Wen Jesus hear wetin di man tok, e kon tell am, "E still get one tin wey
yu neva do, make yu sell evritin wey yu get, give di money to poor pipol,
den yu go get betta propaty for heaven. Afta dat, make yu kom follow mi."
23 Wen di man hear dis one, e kon dey vex, bikos e rish well-well. 24 Wen
Jesus know sey di man dey vex, e kon tell di pipol wey dey with am, "E
go hard well-well for pesin wey rish well-well to enter God Kingdom! 25 E
dey eazy for kamel to pass nidol whole dan for pesin wey rish well-well
to enter God Kingdom."
26 Pipol wey hear dis word kon sey, "Den who God go save?"
27 Jesus ansa, "Wetin nor possibol for human being, dey possibol with
God."
28 Den Pita sey, "Oga God, wi don leave evritin wey wi get kon follow
yu!" 29 Jesus kon tell dem, "I tell una di trut, anybody wey leave en house,
wife, brodas, papa, mama or pikin bikos of God Kingdom, 30 God go bless
am with wetin pass all di tins wey e leave, both for dis world and for di
life wey dey kom."

### *Jesus Tok About En Deat Again*

31 Jesus koll di twelf disciples go korna kon tell dem, "Si, wi dey go
Jerusalem and evritin wey di profets rite about Man Pikin go happen for
der. 32 Bikos dem go gi-am to Gentile pipol and dem go laf, curse and spit
for en body. 33 Dem go flog am well-well and dem go kon kill-am. But for
di third day, e go wake-up."
34 But di twelf disciples nor undastand wetin Jesus tok, bikos God hide
wetin e mean from dem.

### *Jesus Heal Blind Man*

35 As Jesus near Jeriko, one man wey blind sidan for di road korna dey
beg. 36 Wen e hear plenty pipol dey pass, e kon ask wetin dey happen.
37 Dem kon tell am sey Jesus wey kom from Nazaret dey pass.
38 So di man kon dey shaut, "Jesus, David pikin, make yu sorry for mi
o-o!"
39 So di pipol wey dey en front kon dey shaut for am make e kwayet, but
e kon dey shaut more-more, "David pikin, make yu sorry for mi o-o!"
40 So Jesus stop kon sey make dem bring di beggar kom meet am. Wen
di man kom, Jesus ask am, 41 "Wetin yu wont make I do for yu?"
Di man sey, "Oga God, I won si again."
42 Jesus kon tell am, "Make yu si naw, yor faith don heal yu." 43 At wons,
di man bigin si and e kon follow Jesus, dey praiz God. Wen di pipol si
wetin happen, dem kon bigin praiz God.

## 19

### *Jesus With Zakius*

1 Jesus enter Jeriko kon waka go inside di town. 2 For der, e get one man
wey en name bi Zakius. E get money well-well, bikos e bi tax kollectors
oga. E don tey wey e 3 dey won si Jesus, but e nor fit si am, bikos e bi short

man and pipol too plenty. 4 So e run go klimb one sikamore tree make e
for fit si am, bikos Jesus go pass dat road.
5 Wen Jesus rish dat place, e look up kon sey, “Zakius, kom down kwik-
kwik, bikos I must stay for yor house today.” 6 So Zakius kom down kon
welkom Jesus with happiness.
7 Wen di pipol si wetin happen, dem kon dey komplain dey sey, “Jesus
don go visit dat man wey bi sina.”
8 But Zakius stop kon tell Jesus, “Oga God si, I go give half of wetin I get
to poor pipol and evribody wey I don shit before, I go pay am back four
times!”
9 Den Jesus sey, “Salvashon don kom dis house today, bikos dis man na
Abraham pikin too. 10 Man Pikin kom find and save pipol wey lost before.”

### *Ten Talent Parabol*

11 As Jesus dey waka near Jerusalem, e kon tell di pipol one parabol to
show sey God Kingdom nor go just kom like dat. 12 Jesus kon sey, “One big
man travel go one far kountry where dem for won make am king and afta,
e kom back. 13 Before e go, e koll ten of en savant kon give each one money
sey, ‘Make una take dis money trade and make profit till I kom back.’
14 “But e own pipol nor like am, so dem kon send message follow am
sey, ‘Wi nor wont dis man to bi awa king!’
15 “Wen e kom back afta e don get di kingdom, e kon koll en savants wey
e give money make e for know how mush dem don gain.
16 “So di first one stand for en front sey, ‘Oga God, I don gain ten koins
join di ones wey yu give mi.’
17 “Di oga kon tell am, ‘Yu do well, yu bi good savant! Bikos yu dey
faithful with small tin, I go make yu oga ova ten towns.’
18 “Den di sekond one sey, ‘Oga God, I don gain five koins join di ones
wey yu give mi.’
19 “So di oga tell am, ‘Yu go bi oga for five towns.’
20 “Den anoda savant kon sey, ‘Oga God, si di money wey yu give mi. I
keep am inside klot. 21 Bikos I dey fear and know sey yu hash well-well.
Yu dey chop food wey nor bi yor own and yu dey plok fruit wey yu nor
plant!’
22 “Di oga kon tell am, ‘Na yor word I go take judge yu, yu wiked savant!
So yu know sey, I bi hash man; dey chop food wey nor bi my own and I
dey plok fruit wey I nor plant? 23 Den why yu nor put my money for bank,
so dat wen I kom, I go kollect am with intrest wey go dey on-top?’
24 “Den di oga tell di oda savants, ‘Make una take di money from am,
gi-am to di savant wey get ten.’
25 “Dem ansa, ‘Oga God, di man don already get ten!’
26 “Di oga kon sey, ‘I tell una, anybody wey get, God go gi-am more, but
di pesin wey nor get, even di small one wey e get, God go take am from
am. 27 But doz my enemy wey nor wont make I bi dia king, make una go
bring and kill dem for my front!’ ”

### *Jesus Enter Jerusalem As King*

28 Afta Jesus tok dis word, e kon go Jerusalem. 29 Wen e rish Betpage and
Betany, for di place wey dem dey koll Mount Olives, e kon send two of en
disciples sey, 30 “Make una go di village wey dey front. Wen una enter, una
go si one small donkey wey nobody don sidan put before, wey dem tie for

der. Make una luz am kom give mi. 31 If anybody ask una, 'Why una dey
luz am?' Make una ansa, 'Di oga nid am.' "
32 So di pipol wey dem send go, kon rish di place wey Jesus tell dem.
33 As dem dey luz di donkey, di owner kon ask dem, "Why una dey luz
am?"
34 Dem ansa, "Di oga nid am." 35 Dem take di donkey kon put dia klot on-
top am, den Jesus sidan put. 36 As Jesus dey ride dey go, pipol kon spread
dia klot for road.
37 As e dey enter di road wey go Mount Olives, all di disciples kon dey
happy, dey praiz God with loud vois for all di mirakles wey dem si.
38 "God don bless di king wey dey kom with en name!
Make peace dey for heaven and make all di glory bi God own!"
39 But some Farisee pipol wey dey among di pipol kon tell Jesus, "Tisha,
make yu tell yor disciples make dem kwayet."
40 Jesus ansa, "I tell una true word, if dem kwayet, even stones go start
to dey shaut!"

### *Jesus Cry Bikos Of Jerusalem*

41 Wen Jesus near Jerusalem, e look di town kon dey kry, 42 den e sey,
"I wish sey una know wetin go give una peace today! But naw, God don
hide am from una. 43 Time go kom wen una enemies go surround una for
evry korna kon block una road. 44 Dem go distroy una and una shidren
and dem nor go leave one block on-top anoda, bikos di time wen God kom
visit una, una nor know."

### *Jesus Klean Di Temple*

45 Jesus enter di temple kon drive all di pipol wey dey sell tins for der,
46 e kon sey, "God word sey, 'My house na prayer house', but una don turn
am to house where tif dey hide put!"
47 Jesus kon dey tish evriday for di temple. Di priest oga dem, di law
tishas with di big leaders among di pipol kon dey find how dem go take
kill Jesus. 48 But dem nor get any shance, bikos pipol dey listin to wetin
Jesus dey tish.

# 20

### *Jesus Authority*

1 One day wen Jesus dey tish pipol for di temple, di priest oga dem and
di law tishas kon meet am, 2 dey sey, "Make yu tell us, na wish pawa yu
take dey do dis tins? Na who give yu di pawa sef?"
3 Jesus ansa dem, "Make I still ask una one kweshon and make una ansa
mi. 4 John baptizim kom from heaven, abi na from pipol?"
5 Dem kon dey tok with each oda sey, "If wi sey na from heaven, e go
sey, 'Den why una nor bilive am?' 6 But if wi sey, 'Na from pipol', dis pipol
go stone us, bikos dem bilive sey, John na profet."
7 So dem kon tell Jesus sey dem nor know where di baptizim from kom.
8 Den Jesus tell dem, "Mi too nor go tell una who give mi di pawa to do
all dis tins."

### *Di Tenants Parabol*

9 Jesus kon tell di pipol one parabol: "One man rent en grape farm give
tenants, den e travel. 10 Wen harvest time rish, e kon send one savant go

meet di tenants make dem gi-am en share from di harvest. But di tenants
beat di savant kon send am go back with empty hand. 11 So e send anoda
savant and dem still beat and do am anyhow, den dem kon send am back
with empty hand. 12 Di man kon send di third savant go, but di tenants
wound am kon trow am outside too.
13 "So di grape farm owner kon sey, 'Wetin I go do naw? I go send di
only pikin wey I get, may bi dem go respet am.'
14 "But wen di tenant si di pikin, dem kon sey, 'Na di owner pikin dey
kom so, make wi kill-am, so dat all di propaty go bi awa own!' 15 Dem
karry di pikin go outside, kon kill-am. So, wetin una tink sey di owner go
do di tenants? 16 E go kom distroy all dis tenant, den give di grape farm to
new tenants."

Wen di pipol hear dis, dem kon sey, "Make dis tin nor happen o-o!"

17 But Jesus look dem for face kon ask, "Wetin God word mean wen e
sey:

" 'Di stone wey di builders rijet,
don turn to di main stone?'

18 Anybody wey fall for dis stone, go break into pieces and di pesin wey di
stone fall press, go die."

19 Den di Farisee pipol and di law tishas won kon arrest Jesus for dat
place, bikos dem know sey Jesus dey tok against dem. But dem dey fear
di pipol.

### *Pay Tax Give Caesar*

20 Den di Farisee pipol and di law tishas kon dey wosh Jesus well-well.
Dem send some pipol go pritend like sey dem dey follow Jesus, so dat dem
go fit use en word against am, kon ripot am to di Roman Govnor. 21 So
dem ask am, "Tisha, wi know sey wetin yu dey tok korrect and yu nor dey
do wayo, bikos yu dey tish di trut about God. 22 Make yu tell us, 'E good
make wi pay tax give Caesar?' "
23 But Jesus know sey na trap, so e kon tell dem, 24 "Make una show mi
di money. Wish pesin face and name dey?" Dem ansa, "Na Caesar own."
25 So Jesus tell dem, "Den make una give Caesar wetin bi Caesar own
and make una give God wetin bi God own."
26 So dem nor fit get am with en word for di pipol present. Dem sopraiz
for di ansa wey e give and dem nor fit tok again.

### *Marriage And Resureshon*

27 Den some Sadusi pipol (wey nor bilive sey pipol go wake-up from deat)
kom meet Jesus, 28 dey sey, "Tisha, Moses Law sey, 'If pesin die leave en
wife and di woman nor born for am, en broda must marry di woman wey
en husband don die, so dat e go born shidren for di broda wey don die.'
29 E get one family wey get seven brodas. Di first one marry, but dem nor
born before di man die. 30 Den di sekond one kon marry di woman, 31 den
di third one, until nomba seven die too, but di woman nor still born for
any of dem. 32 At last, di woman kon die too. 33 For di day wey pipol go
wake-up from deat, wish pesin wife di woman go bi, since all di seven
brodas marry am?"
34 So Jesus ansa dem, "Pipol for di word naw dey marry. 35 But di pipol
wey God go wake-up from deat karry go heaven, nor go marry. 36 Dem
go bi like angels and dem nor go die again. Dem go bi God shidren, bikos

dem don wake-up from deat. 37 But even Moses tok sey pipol wey don die
go wake-up. Moses tok like dis wen e rite about how e koll God, 'Abraham,
Isaak and Jakob God', wen e dey di bush wey dey burn. 38 Awa God nor bi
God for dead pipol, but na God wey dey alive, bikos for God eye, evribody
dey alive."
39 Den some law tishas ansa, "Tisha, yu don tok well!" 40 So dem nor
dare ask Jesus kweshon again.

### *Mezaya: David Pikin, Na-im Bi Oga God*

41 Jesus kon tell dem, "Wetin make dem sey Mezaya na David pikin?
42 Bikos David ensef tok for Psalms Book sey,
" 'God tell my oga sey,
"Sidan for my rite hand,
43 until I go put yor enemies
under yor leg." '
44 If David koll am 'Oga God,' how e kon take bi David pikin?"

### *Put Body Dan*

45 As all di pipol dey listin, Jesus kon tell en disciples, 46 "Make una guide
unasef from di law tishas. Dem like to dey waka with long klot make pipol
dey shaut dia name for market and chairs wey betta pass for sinagog, na
der dem dey like to sidan. 47 Dem dey sofa wimen wey dia husband don
die and kollect dia tins kon dey pray long prayer make pipol for si dem.
So na dia ponishment go big pass."

## 21

### *Widow Ofrin*

1 For inside di temple, Jesus kon si rish pipol dey put dia money for ofrin
box. 2 E still si one poor woman wey en husband don die dey put two koins
inside di box. 3 Jesus kon sey, "I tell una true word, di money wey dis poor
widow put so, big pass all di oda pipol own; 4 bikos di rish pipol give dia
ofrin from di plenty money wey dem get, but as dis woman poor rish, e
put evritin wey e get."

### *Sign Sey World Wont End*

5 As some pipol dey tok about how di temple fine rish, bikos of di stones
wey dem take build am and di ofrin wey pipol dey give, Jesus kon sey, 6 "Di
day dey kom wen all di stones wey una dey si so, go skata and one nor go
dey on-top anoda again."
7 So, dem kon ask am, "Tisha, wen dis tins go happen? And wetin go bi
di sign sey di time for dis tins to happen don rish?"
8 Jesus ansa, "Make una shine una eye, so dat nobody go deceive una.
Bikos many pipol go kom prish with my name sey, 'Na mi bi Jesus' or
'Di time don near.' Make una nor follow dem! 9 And wen una hear rumor
about war and wahala, make una nor fear. Bikos all dis tins go first happen,
but dat nor mean sey di end don rish."

### *Di Disciples Go Sofa*

10 Den Jesus tell dem, "Kountry go fight kountry, kingdom go fight
kingdom. 11 Strong eartkweke, honga and sickness go dey evriwhere;
difren-difren tins and bad signs go dey happen and fear go katch evribody.

12 “But before dem go happen, dem go arrest and ponish una for wetin
una nor do, den go karry una go judge for inside sinagog, den dem go trow
una inside prison. Dem go karry una go meet kings and govnors, bikos of
my name. 13 Dis na di time for una to spread di Good News. 14 So make una
ready una mind before di time rish. Make una nor tink how una go take
defend unasef, 15 bikos I go give una di word wey una go tok and wisdom
wey una enemy nor go fit oppoz. 16 Una papa, mama, brodas, rilashons
and friends go sey dem nor know una and dem go even kill some of una.
17 Evribody go hate una bikos of my name. 18 But God eye go always dey
wosh una. 19 So, if una stand rish di end, God go save una.”

### *Jerusalem Go Skata*

20 “But wen una si sey sojas don surround Jerusalem, make una know
sey di time wey dem go distroy Jerusalem, don near. 21 So, make di pipol
wey dey Judea run go mountin and doz wey dey inside town must komot
der. Make doz wey dey outside, nor enter di town again, 22 bikos na dat
time God go judge di world, since evritin wey dem rite for God word, must
happen. 23 Dat time, e go bad well-well for wimen wey get belle or get small
pikin for hand! Strong wahala go kom for dis land and God ponishment
go fall for pipol head. 24 Dem go use swod kill some, karry some as prisona
go anoda kountry and di Gentile pipol go distroy Jerusalem, until di time
wey God sey Israel must sofa, go end.

### *Man Pikin Dey Kom*

25 “Difren-difren signs go show for sun, moon and star. For inside dis
world, pipol for difren kountries go dey worry and fear, bikos of di way
rivers go dey move and wota go dey rush from sea enter land. 26 Pipol go
dey faint and fear go dey katch some, bikos of wetin dey happen for di
world and difren pawas inside di sky, go shake komot for where dem dey.
27 Den, dem go si Man Pikin dey kom inside kloud with pawa and glory.
28 So, wen dis tins dey happen, make una stand and dey ready, bikos una
salvashon don near.”

### *Di Fig Tree*

29 Den, Jesus kon tell dem dis parabol: “Make una tink about di fig tree
and all di oda trees. 30 Wen dia leaf start to fall komot, make una know
sey dry sizin don near. 31 Na so una go still know too, wen una si all dis
tins dey happen, una go know sey God Kingdom don near.
32 “I tell una true word, di pipol for dis world naw nor go die finish
before all dis tins go happen. 33 Heaven and eart go vanish komot, but my
word go dey forever.

### *Make Una Dey Ready*

34 “So, make una shine una eye! Nor let party and wahala for dis life
full una mind, if not, dat Day go kom wen una nor espect, 35 bikos dat Day
go sopraiz evribody wey dey for dis world. 36 But make una dey shine una
eye evritime, dey pray make God give una pawa take pass all dis test wey
go happen, so dat una go fit stand for Man Pikin front.”
37 So, Jesus kon dey tish for di temple evriday, but wen nite rish, e go-go
Mount Olives. 38 And for early morning, all di pipol dey go listin to am
inside di temple.

# 22

*Judas Sell Jesus*

[1] Time kon rish for Bread (wey nor get yist) Feast, wey dem dey koll
Passova. [2] Di priest oga dem and di law tishas dey fine how dem go take
kill Jesus, but dem dey fear di pipol. [3] So, Satan enter inside Judas Iskariot,
one of Jesus twelf disciples. [4] E kon go tell di offisa wey dey guide di temple
sey e go sell Jesus give dem. [5] Dem happy well-well kon promise am sey
dem go gi-am money. [6] Judas gri and e kon bigin find sekret way to sell
Jesus give dem, so dat pipol nor go know.

*Di Passova Feast*

[7] Di day for di Bread (wey nor get yist) Feast, wen dem dey kill sheep
for sakrifice, kon rish. [8] Jesus tell Pita and John, "Make una go prepare di
Passova food wey wi go chop."

[9] Dem kon ask, "Na for where yu wont make wi prepare am?"

[10] Jesus ansa dem, "Listin, wen una enter di town, una go meet one man
wey karry wota pot, make una follow am enter di house wey e go enter,
[11] make una tell di pesin wey get di house sey, Di Tisha sey make wi ask yu,
'Where di room wey mi and my disciples go for chop di Passova food?' [12] E
go show una one big room where tabol and chair dey for upstair. Make
una prepare evritin for der."

[13] Wen dem go, dem kon si evritin as Jesus tell dem sey e go bi, so dem
prepare di Passova food for der.

*Di Last Evening Food*

[14] Wen di time rish, Jesus sidan for where dem dey chop and en disciples
kon join am. [15] Jesus tell dem, "I really won chop dis Passova food with
una before I go sofa. [16] Bikos I tell una, I nor go chop am again, until
evritin don komplete for God Kingdom."

[17] Den Jesus take one cup wey get wine, afta e tank God, e kon sey, "Make
una take dis cup and divide am among unasef. [18] Bikos I tell una, from
naw go, I nor go drink dis wine again, until God Kingdom go kom."

[19] Den Jesus take bread, afta e tank God, e divide am kon gi-am to dem
sey, "Na my body bi dis, wey God don give una. Make una dey always do
dis tin to take remember mi."

[20] Like dat, Jesus still take di cup afta dem don chop finish kon sey, "Dis
cup wey God give una, na di new agriment with my blood."

*Last Word*

[21] "I wont make una know sey, di pesin wey go sell mi give my enemy
dey chop with mi for dis tabol. [22] Bikos Man Pikin go die as God plan am,
but curse dey for di pesin head wey go sell am!" [23] So di disciples kon
bigin ask each oda wish of dem go sell Jesus.

*Who Big Pass*

[24] Dem kon dey kworel among diasef sey wish of dem big pass. [25] So
Jesus tell dem, "Gentile kings dey give dia pipol orda, yet di pipol still dey
koll dem, 'Pipol Friends.' [26] But una nor suppose to bi like dat; di pesin
wey big among una, must do like sey naim small pass and di leader, go bi
like savant. [27] Na who big pass? Na di pesin wey sidan for tabol dey chop
or di pesin wey dey serve am? Nor bi di one wey sidan for tabol? But I

dey do like savant among una. 28 Na una stay with mi wen I dey pass thru
wahala. 29 So, I give una pawa to rule, just as my Papa don give mi. 30 For
my kingdom, una go sidan chop and drink for my tabol and una go sidan
for difren thrones dey judge di twelf tribes for Israel.
31 "Simon! Simon! Make yu listin! God don allow Satan make e test all of
una, so dat God go fit separate bad pipol from di good ones. 32 But Simon,
I don pray for yu make yor faith nor for fail. Wen yu don turn back kom
meet God, make yu help yor brodas too."
33 Pita tell am, "Oga God, I dey ready to follow yu go prison and even
die with yu."
34 But Jesus sey, "Pita, make I tell yu di trut, fawol nor go do 'Kukuruku'
dis nite until yu don tok three times sey yu nor know mi."
35 Den Jesus tell dem, "Wen I send una go out, without money, bag or
sandals, e get anytin wey una nid wey una nor get?"
Dem ansa, "No!"
36 E kon tell dem, "But naw, pesin wey get money or traveling bag must
karry am. And pesin wey nor get swod must sell en klot kon use di money
by one. 37 Bikos I tell una, wetin dem rite for God word about mi must
happen sey, 'Dem kount am join criminals.' Bikos wetin God rite about mi
dey happen naw."
38 Di disciples kon sey, "Oga God, si two swod for here."
Jesus ansa, "E don do."

### *On-top Mount Olives*

39 Den Jesus komot, kon waka as e dey always do, go Mount Olives and
en disciples follow am. 40 Wen dem rish der, Jesus kon tell dem, "Make una
pray so dat una nor go fall enter temptashon." 41 Den e leave dem, waka
go far small, kon knee down dey pray, 42 "Papa, if yu like to do am, make
yu let dis sofa cup pass mi. But make e bi as yu wont, nor bi as I wont
am." 43 One angel appear from heaven kon give Jesus pawa. 44 Bikos Jesus
dey struggol well-well for mind, e pray sotey en sweat kon bi like blood.
45 Wen e pray finish, e go meet en disciples kon si sey dem dey sleep,
bikos dem don taya well-well. 46 So Jesus tell dem, "Why una dey sleep?
Make una get up pray, so dat una nor go fall enter temptashon!"

### *Dem Arrest Jesus*

47 As Jesus still dey tok, at wons, some pipol waka kom and na Judas
lead dem. E waka go meet Jesus kon kiss am for face. 48 So Jesus ask am,
"Judas, na kiss yu take sell Man Pikin?"
49 Wen doz wey dey near Jesus si wetin won happen, dem ask am, "Oga
God, make wi use awa swod?" 50 Den one among dem attack di priest
savant kon kut en rite ear komot.
51 But Jesus shaut for am make e stop, den tosh di man ear kon heal am.
52 Den Jesus ask di priest oga dem, di ofisas wey dey guide di temple
and di eldas wey kom meet am sey, "Una karry swod and wood like sey
una dey kom arrest tif? 53 Since wen I dey with una for di temple una nor
arrest mi. But na una time bi dis, di time wey darkness pawa go rule."

### *Dem Kondemn Jesus*

54 Den dem arrest Jesus, karry am go di High Priest house. But Pita dey
follow dem for back-back. 55 Wen dem don make fire for di kompond
centre kon sidan togeda, Pita sidan with di pipol too. 56 One savant girl si

Pita sidan near di fire, e look am for eye kon sey, “Dis man bin dey with
Jesus too o-o.”
57 But Pita sey, “Woman! Nor bi mi, I nor know am.”
58 Afta sometaim, anoda pesin si am kon sey, “Yu dey with dem, nor bi
so?”
But Pita sey, “My friend! I nor dey with dem o-o.”
59 Wen one hour don pass, anoda pesin kon sey, “I sey dis man dey with
dem, bikos en too kom from Galilee.”
60 But Pita sey, “Oga God! I nor know wetin yu dey tok.” At wons, as e
still dey tok, naim one fawol do, “Kukuruku!” 61 Den Jesus turn look Pita
for eye and Pita kon remember di word wey Jesus tell am, “Before fawol
go do ‘Kukuruku!’ dis nite, yu go don tok three times sey yu nor know
mi.” 62 Den Pita go outside, bigin kry.
63 Di guards bigin laf Jesus kon dey beat am anyhow. 64 Dem tie en eye
kon dey ask am, “Oya profesai! Na who nak yu so?” 65 Dem still curse am
with difren words.
66 Wen morning rish, di eldas with di priest oga dem and di law tishas
kon gada. Den dem take Jesus go dia kansol 67 kon tell am sey, “If yu know
sey na yu bi Christ, make yu tell us.”
But Jesus ansa, “If I tell una, una nor go bilive mi 68 and if I ask una
kweshon, una nor go gri ansa. 69 But from naw go, Man Pikin go sidan for
God rite hand where pawa dey.”
70 All of dem kon ask, “So, yu bi God Pikin?”
Jesus ansa, “Na una tok am o-o.”
71 Den dem kon sey, “Why wi nid anoda witness? E don tok evritin by
ensef!”

# 23

### *Dem Take Jesus Go Meet Pilate*

1 Den di Farisee pipol and di oda pipol take Jesus go meet Pilate, 2 dey
akuiz am sey, “Wi hear dis man wen e dey deceive and tell awa pipol sey
make dem nor pay tax give Caesar and e dey tok sey naim bi Christ, wey
bi king.”
3 Pilate kon ask Jesus, “Na yu bi di Jew pipol king?”
Jesus ansa, “Na as yu tok.”
4 Den Pilate tell di priest oga dem and di pipol, “I nor si anytin wey go
make mi kondemn dis man.”
5 But dem still sey, “E dey kause wahala with wetin e dey tish pipol for
Judea. E start am for Galilee and naw e don kom here!”

### *Dem Take Jesus Go Meet Herod*

6 Wen Pilate hear dis one, e kon ask weda Jesus na Galilee pesin. 7 Wen
e hear sey Jesus kom from Jerusalem, where Herod dey rule for dat time,
e kon sey make dem take Jesus go meet am.
8 Wen Herod si Jesus, e happy well-well, bikos e don tey wen e won si am
since e hear about am. E dey hope sey Jesus go do mirakle for en present.
9 Herod kon ask Jesus many kweshon, but Jesus nor ansa am at-all. 10 Di
priest oga dem and di law tishas dey akuiz Jesus with vexnashon. 11 Herod
with en sojas too dey take Jesus make yeye and dey laf am. Den Herod sey
make dem wear fine klot for Jesus body, den make dem take am go back

go meet Pilate. 12 Dat day, Herod and Pilate kon bi friends, bikos before
dis time dem bi strong enemy.

### *Dem Take Jesus Go Meet Di Pipol*

13 Den Pilate koll di priest oga dem, di eldas and di pipol for dat place
14 kon tell dem, "Una bring dis man kom meet mi sey e dey deceive pipol.
Wen I ask am kweshon for una present, I nor si any bad tin wey una sey e
do. 15 Even Herod nor still si anytin too, so e sey make dem bring am kom
meet us. Dis man nor do anytin wey go make am die. 16 So I go give orda
make dem flog am, den I go free am." 17 (Na dia tradishon sey Pilate must
release one prisona anytime wen dem dey do Passova Feast.)

18 But all of dem kon dey shaut, "Take dis man komot! Na Barabas wi
wont!" 19 (Barabas na pesin wey dem put for prison bikos e kause wahala
and kill pesin for di town.)

20 Pilate kon tok to dem again, bikos e won free Jesus. 21 But dem still
dey shaut, "Kill-am trowey, Kill-am trowey!"

22 Again Pilate ask dem, "Why? Wish bad tin e do? I nor si any bad tin
wey e do wey go make am die, so I go give orda make dem flog am, den I
go free am."

23 But dem shaut more-more dey sey, "Kill-am trowey." Dem shaut sotey
Pilate kon do wetin dem wont. 24 So Pilate orda en sojas sey make dem
give Jesus to di pipol make dem go kill-am. 25 E kon free Barabas, wey
di pipol wont, wey dem bin put for prison, bikos e kause wahala and kill
pesin for di town.

### *Dem Nail Jesus For Cross*

26 As dem dey take Jesus komot, dem kon katch one man wey dey kom
from Sirene and en name na Simon. Dem put di cross for en back make
e karry am follow Jesus. 27 Many pipol follow Jesus and di wimen among
dem kon dey kry. 28 But Jesus turn look dem sey, "Jerusalem wimen, make
una nor kry bikos of mi, but make una kry for unasef and for una shidren.
29 Bikos true-true, di time dey kom wen pipol go sey, 'E good well-well for
wimen wey nor born or feed pikin at-all!' 30 Den,
"dem go tell di mountins, 'Make yu fall on-top us!'
And tell di hills, 'Make yu kover us!'
31 But if dem do dis kind tin for wood wen e still fresh, wetin go happen
wen di wood don dry?"

32 Dem still take two oda men wey bi tif, wey dem wont kill, follow Jesus.
33 Wen dem rish di place wey dem dey koll, "Di Skull," dem kon nail Jesus
for cross with di two tif, one for en left and di oda for en rite side. 34 (Den
Jesus kon sey, "Papa, make yu forgive dem, bikos dem nor know wetin
dem dey do.") So, di sojas kon gambol to know who go take Jesus klot.

35 Di pipol still stand der dey look, but dia leaders dey laf Jesus sey, "E
save oda pipol. Make e save ensef if e bi di Mezaya wey God choose!"

36 Di sojas still dey laf Jesus and dem kon gi-am wine wey don sawa
make e drink, 37 den sey, "If yu bi di Jew pipol king, make yu save yorsef!"

38 Dem kon rite on-top en cross sey, "DIS NA, 'JEW PIPOL KING.' "

39 One of di tif dey shaut for Jesus, "Nor bi yu bi di Mezaya? Make yu
save yorsef and us naw!"

40 But di oda tif kon shaut for di first tif, "Yu nor dey fear God as e bi
sey na di same ponishment wi dey sofa? 41 Na dis ponishment fit us, bikos
na wetin wi do naim make dem dey ponish us so. But dis man nor do any
bad tin."
42 Den e tell Jesus, "Wen yu rish yor kingdom, make yu remember mi!"
43 Jesus ansa am, "I tell yu di trut, today yu go dey with mi for paradise."
44 By naw, twelf oklok don nearly rish for aftanoon and darkness kover
di whole kountry until three oklok for dat aftanoon, 45 bikos sun stop to
shine. Di Temple curtain kon tear into two. 46 So, Jesus shaut, "Papa, I put
my spirit for yor hand!" Afta e tok finish, e kon die.
47 Wen di soja oga si wetin happen, e kon praiz God sey, "True-true, dis
man na good pesin!" 48 So wen all di pipol wey gada dey look si wetin
happen, dem kon dey kry go dia house. 49 And evribody wey know Jesus
before, stand for far and di wimen wey follow Jesus kom from Galilee, si
di tins wey happen.

### *Dem Beri Jesus*

50 E get one man for di kansol, wey bi Josef and e kom from Arimatea
wey dey Judea. E bi betta pesin wey dey do wetin God like and e dey wait
for di time wen God Kingdom go kom. 51 (E nor gri with di oda kansol
membas with dia plan and for wetin dem do so.) 52 E go meet Pilate kon
ask for Jesus dead body. 53 Den e karry di body from di cross, wrap am
with linen klot kon put am for di grave wey e dig inside rock, where dem
neva beri anybody put before. 54 Dat day na Friday wen dem dey ready
for Sabat Day serimony.
55 Di wimen wey follow Jesus from Galilee kon follow Josef go si di grave.
So dem put Jesus body inside. 56 Den di wimen go house go prepare betta
perfume. But for Sabat Day, dem kon rest as Moses Law tok.

## 24

### *Jesus Wake-up From Deat*

1 For early morning for di first day for di week, di wimen karry di
perfume wey dem prepare go di grave where dem beri Jesus put. 2 Dem
kon si sey dem don roll di stone komot from di grave mout, 3 but wen dem
enter inside, dem nor si Jesus body for der. 4 As dem dey konfuse bikos of
dis tin, dem kon si two men wey dia klot dey shine like lite and dem stand
for korna. 5 Fear katch di wimen and dem kon face groun. But di men tell
dem, "Why una dey find pesin wey dey alive for where dead body dey?
6 E nor dey here again, God don wake am! Una remember wetin e tell una
wen e dey Galilee sey, 7 'Dem must sell Man Pikin give wiked pipol and
dem go kill-am trowey and for di third day, e go wake-up.' "
8 Den di wimen kon remember wetin Jesus tell dem, 9 so dem komot from
di grave kon go tell di eleven apostles and di rest pipol wetin happen. 10 Na
Mary Magdalin, Joanna, Mary wey bi James mama and di oda wimen wey
dey with dem, na dem tell di apostles all dis tins. 11 But dia word nor mean
anytin to di apostles, so dem nor bilive di wimen. 12 But Pita kon get up,
run go di grave. E ben-down look inside and e si only di klot, den e kon
go house dey wonder wetin happen.

### *Jesus Waka For Emmaus Road*

[13] Dat day, two men among Jesus disciples dey waka go one village wey
dem dey koll Emmaus, wey nor too far from Jerusalem. [14] Dem dey tok
to each oda about di tins wey happen. [15] As dem dey tok, Jesus kon bigin
waka with dem, [16] (but Jesus nor let dem know who e bi.)

[17] Den Jesus kon ask dem, "Na wetin make una dey tok like dis for road?"

Dem kon stand for one place, dey sopraiz for am. [18] Den one among dem,
wey en name bi Kleopas, kon tell am, "Na only yu bi strenja for Jerusalem
wey nor know di tins wey dey happen since?"

[19] Jesus ask dem, "Wish tins?"

Dem ansa, "Di tins about Jesus wey kom from Nazaret, one man wey
wetin e dey tok and do show sey en na God profet [20] and how awa priest
oga dem and di pipol wey dey rule us kill-am trowey. [21] But wi bin hope sey
naim go free Israel and dis tins don happen for three days naw. [22] Some
wimen wey dey with us kon even sopraiz us. Dem go where dem beri am
put dis morning [23] and dem nor si en body for der. Dem kom back dey tok
sey dem si angels wey tell dem sey Jesus dey alive. [24] Den some pipol wey
dey with us kon go di grave and dem si evritin as di wimen tok, but dem
nor si Jesus."

[25] So Jesus tell dem, "Una nor get sense and una nor dey kwik bilive
wetin all di profets tok. [26] Dem nor tok sey di Mezaya go must sofa all dis
tins and den e go enter en glory?" [27] Den e kon use wetin Moses and all
di profets rite take tell dem wetin God tok about am for en word.

[28] As dem near di village wey dem dey go, Jesus do like sey e won waka
go front, [29] but dem tell am, "Make yu stay with us, bikos evening don
nearly rish and day go soon dark." So Jesus enter di village kon follow
dem stay.

[30] E sidan for where dem dey chop; e take bread, bless am kon divide am
give dem. [31] At wons dia eye open and dem kon know am. Den e vanish
from dia front. [32] Dem kon tell each oda, "No wonder e bi like sey fire dey
burn inside awa heart wen e dey tok with us for road about God!"

[33] So dem get up at wons go back to Jerusalem. Dem si di eleven apostles
and di oda pipol wey dey with dem [34] kon tell dem, "Jesus don really wake-
up and e don appear to Simon!" [35] Den dem tok wetin happen for road
and how dem take know Jesus wen e divide di bread.

### *Jesus Appear For Di Last Time*

[36] As dem still dey tok, Jesus kon stand with dem, tell dem, "Make peace
dey with una."

[37] But dem shok kon bigin fear, bikos dem tink sey na spirit dem dey si.
[38] Den Jesus kon sey, "Why una dey fear and nor bilive? [39] Make una look
my hand and leg and make una tosh mi: spirit nor get flesh and bone as
una si sey I get."

[40] Wen Jesus don tok dis one, e kon show dem en hand and leg. [41] And
as dem neva still bilive (bikos of dia happiness) and still dey sopraiz, Jesus
ask dem, "Una get anytin to chop for here?" [42] So dem kon gi-am fish wey
dem don kook, [43] e kon take am chop for dia front.

### *Jesus Last Word With Dem*

44 Den Jesus tell dem, "Na di word wey I tell una wen I still dey with una
bi dis, evritin wey dem rite about mi for Moses Law, di profets book and
Psalms, must happen."
45 Den e open dia mind so dat dem go fit undastand God word 46 kon
tell dem, "Na wetin dem rite bi dis, 'Di Mezaya go sofa and e go wake-up
from deat for di third day 47 and dem go use en name prish give pipol
make dem for turn from dia sin kom meet God and di prishin go start
from Jerusalem.' 48 Una bi witness for dis tins. 49 I dey send wetin my
Papa promise kom meet una. So make una stay for dis town until pawa
go kom from heaven kon kover una."

*Jesus Go Heaven*

50 Den Jesus take dem go Betany kon lift en hand and bless dem. 51 As e
dey bless dem, God kon karry am go heaven. 52 So, dem woship am kon
go back to Jerusalem dey happy well-well 53 and dem dey go di temple
evritime, dey praiz God.

# John
## Introdushon

Na John wey bi Jesus Christ disciple naim rite dis book. E rite am to tell pipol sey, God love evribody for di world and na dis love make am send en Son, Jesus Christ kom, so dat anybody wey go bilive am go get everlastin life (3:16). Na John gospel tell di story about how God kreate world from di beginin, before e tok about how pipol go fit know God and di blessing wey pipol wey follow God go get. For di end, John kon declare, "But dis tins wey dem rite so, na make una for bilive sey na Jesus bi di Christ and naim bi Man Pikin and if una bilive am, una go get life thru en name" (20:21).

*How God Word Kom Meet Us*

1 Since wen di time start naim di Word dey and di Word dey with God
and na God ensef bi di Word. 2 Di Word dey with God from wen time bigin.
3 Na God make evritin and if to sey E nor make dem, dem nor for dey
dis world at-all. 4 Na inside am life dey and na dat life bi di lite wey pipol
get. 5 Di lite dey shine inside darkness, but darkness nor gri with am.
6 E get one man wey en name bi John, wey God send kom dis world. 7 E
kom bear witness for di lite, make evribody for fit get di shance to bilive
wetin God tok thru en word. 8 Nor bi John ensef bi di lite, but e kom tell
pipol about Jesus wey bi di lite. 9 Na Jesus bi di true lite wey go shine for
evribody for dis world.
10 E kom inside di world wey e make my ensef, but di pipol nor know
am. 11 E kom meet en own pipol, but dem nor wont am. 12 But evribody
wey receive and bilive en name, e go give dem di rite to bi God pikin.
13 Dem go bi God shidren, nor bi as dia papa and mama take born dem
from belle, or bikos somebody make dem so, but bikos God ensef make
dem en own shidren.
14 Den di Word kon shange to pesin and e stay with us for dis world. Wi
si en glory wey show sey, naim bi di only pikin wey get korrect favor and
trut, wey God send kom meet us.
15 John kon bigin shaut sey, "Dis na di pesin wey I tell una about sey, 'Di
pesin wey go kom afta mi, big pass mi, bikos e dey before mi.' " 16 Evribody
for dis world don receive plenty good tins from am. 17 Na thru Moses God
give us di law, but God give us favor and trut, thru Jesus Christ. 18 Nobody
don fit si God face before. But Jesus, wey bi God ensef, wey en and en
Papa bi tait friend, na-im kom show us how God bi.

*John Di Baptist Tok About Jesus*

19 Di Jew oga dem send priests and Levi pipol make dem go ask John
sey, "Who yu bi sef?" 20 E ansa dem, "I nor dey lie, bikos nor bi mi bi di
Christ."
21 Den dem ask am, "So, na who yu bi? Abi yu bi Elijah?"
E kon sey, "No, I nor bi Elijah."
Dem ask am again, "Yu bi di profet?"
E ansa, "No o-o!"

22 Again, dem ask am, “Who yu bi sef? Make yu tell us, so dat wi go
know wetin to tell di pipol wey send us. Who yu sey yu bi?”
23 John kon sey, “Na mi bi dat vois wey dey shaut inside wildaness sey,
‘Make una make di road wey pipol go pass go meet God strait well-well’,
as Profet Isaya tok before.”
24 (Na di Farisee pipol send dis pipol go meet John). 25 Dem kon ask John
sey, “Why yu dey baptize pipol, if yu nor bi di Christ or Elijah or di Profet?”
26 John ansa dem, “I dey baptize pipol with wota, but among una, one
pesin dey wey una nor know. 27 E go kom afta mi. I nor rish to luz di rope
wey dey en shoe.”
28 All dis tins happen for Betany where pipol dey cross Jordan River kom
meet John, make e baptize dem.
29 Wen day break, John si Jesus dey waka kom meet am, den John sey,
“Make una look! Dis na di Sheep wey God send kom die, so dat God go
forgive us awa sins.” 30 Na dis pesin I tell una sey, “Afta mi, one man wey
big pass mi go kom, bikos e dey before mi. 31 Misef nor know am before,
but I dey baptize pipol with wota, so dat God go show Israel pipol who
Jesus bi.”
32 Den John bear witness sey, “I si God Spirit wey kom down like dove
from heaven kon stay for Jesus head. 33 I nor know am before, but di
pesin wey send mi kom baptize with wota tell mi sey, ‘Di pesin wey yu go
si God Spirit kom stay on-top en head, na-im go baptize pipol with Holy
Spirit.’ 34 I don si am and I bear witness sey, ‘Dis man na di pesin wey God
choose.’ ”
35 Wen day break, John with en two disciple stand for outside. 36 Dem
kon dey look Jesus wen e dey waka pass, den John kon sey, “Make una
look! Na dat pesin bi God Sheep.”
37 Wen John two disciples hear wetin e tok, dem kon follow Jesus. 38 Jesus
look back kon si di disciples dey follow am. Den e ask dem, “Wetin una
wont?”

Dem ansa am, “Oga God, (wey mean Tisha) where yu dey stay?”

39 Jesus ansa dem, “Make una kom si am.”

So dem go si di place wey e dey stay kon stay with am dat day. Dat time na about for oklok for aftanoon.

### *Wetin Andru Tok About Jesus*

40 Andru, Simon Pita broda, na one for di disciples wey hear wetin John
tok kon follow Jesus. 41 E first go find en broda Simon kon tell am, “Wi
don si di Mezaya”, (wey mean Christ). 42 Andru kon bring Simon kom meet
Jesus.

Wen Jesus si am, e tell am, “Yu bi Simon, John pikin, na Cefas (wey mean Pita) pipol go dey koll yu from today go.”

### *Jesus Koll More Disciples*

43 Wen day break, Jesus kon plan to go Galilee. Wen e si Filip, e tell am,
“Make yu follow mi.”
44 Filip na from Betsaida, wey bi Andru and Pita home-town. 45 Wen
Filip si Netanel, e tell am, “Wi don si di pesin wey Moses and di profets rite
about for dia book sey, ‘En name na Jesus, wey en home-town bi Nazaret
and na Josef pikin e bi.’ ”
46 Netanel kon sey, “Betta tin go fit kom out from Nazaret?”

Filip ansa am, “Make yu kom si.”

47 Wen Jesus si Netanel dey waka kom meet am, e kon sey, “Make una
look! Dis na betta pesin wey kom from Israel, wayo nor dey en belle.”
48 Netanel ask am, “How yu take know mi.”
Jesus ansa, “Before Filip koll yu wen yu dey under di tree, I don si yu.”
49 Netanel sey, “Tisha, true-true, yu bi God Pikin and na yu bi Israel
king.”
50 Jesus tell am, “Bikos I tell yu sey I si yu under di fig tree, yu bilive
wetin I tok? Bikos yu bilive, yu go si wetin big pass dis one.” 51 Den e kon
sey, “Wetin I dey tell una na true word, una go si heaven open and God
angels go dey waka up-and-down on-top God Pikin.”

# 2

## *Jesus Turn Wota To Wine*

1 Wen three days don pass, Mary, wey bi Jesus mama, go one marriage
for Kana, wey dey for Galilee. 2 Dem invite Jesus and en disciple for di
marriage too. 3 Wen wine finish, Jesus mama kon tell am, “Dia wine don
finish.”
4 Jesus ansa am, “Mama, why yu dey tell mi? My time neva rish.”
5 So en mama kon tell di savants sey, “Anytin wey e tell una, make una
do am.”
6 For dat place, six big wota pot dey and only one fit kontain about
twenty to thirty gallon for wota, wey di Jew pipol dey use wosh leg as dia
tradishon tok.
7 Jesus tell di savants, “Make una full di pots with wota.” So dem kon
full all di pot with wota.
8 Jesus tell dem, “Make una take some wota from di pot go give di
chairman for di party.”
So, dem do as e tok. 9 Wen di chairman taste di wota wey don turn to
wine, bikos e nor know how e happen (but di savants wey draw di wota
know), e koll di man wey dey marry kon tell am sey, 10 “Wen pesin dey
do party, na betta wine e dey first serve pipol, den wen di pipol don drink
taya, naim e dey serve cheap wine. But yu kon keep di good wine until di
party don one finish.”
11 Dis na di first mirakle wey Jesus do and e happen for Kana wey dey
Galilee. Dis na how e show en honor, so en disciples kon bilive am.

## *Jesus Klear Di Temple*

12 Den Jesus with en mama, brodas and en disciples kon go Kapanaum.
Dem kon stay der for some days.
13 By dis time, di Jew Passova Feast don near well-well, so Jesus kon go
Jerusalem. 14 E si di pipol dey sell melu, sheep and dove inside di temple
yard and e still si pipol wey dey shange money, sidan near dia tabol. 15 So
e use koboko wey e make, take drive dem with dia sheep and melu komot
from di temple yard. E trowey di tabol wey di pipol dey take shange money
and dia money kon skata. 16 E kon tell di pipol wey dey sell dove, “Make
una karry all dis tins komot for here. Make una nor turn my Papa house
to market.”
17 Den en disciples kon remember as den rite for Psalms Book sey, “Di
love wey e get for en Papa house dey burn for en heart like fire.”

18 Di Jew oga dem kon ask am, "As yu dey do all dis tins, na wish sign
yu go show us make wi for fit bilive yu?"
19 Jesus ansa dem, "Even if una distroy dis Temple, for three days time,
I go build am again."
20 Den di Jew oga dem tell am, "Na forty-six years dem take build dis
Temple and yu dey sey yu go fit build am for three days?" 21 But na di
temple for Jesus body naim e dey tok about. 22 So wen Jesus don wake-up
from deat, en disciples kon remember sey, e tok so before. Den dem kon
bilive wetin dem rite for God word and wetin Jesus tell dem.

### *Jesus Go Di Passova Feast*

23 Jesus dey for Jerusalem by di time wey dem dey do di Passova Feast.
For der, many pipol kon bilive am, bikos dem si di mirakles wey e do. 24 But
Jesus nor gri open en mind give di pipol, bikos e know dem well-well. 25 E
nor nid anybody to tok about am, bikos e know wetin dey inside pipol
belle, so e nor fit trust dem.

## 3

### *Jesus Tok With Nikodimos*

1 E get one man wey bi Farisee, en name na Nikodimos and e bi memba
for di kansol wey dey rule Jew pipol. 2 E hide go meet Jesus for nite kon
tell am, "Tisha, wi know sey yu bi di pesin wey God send kom meet us,
bikos nobody fit do di mirakles wey yu dey do, unless God dey with am."
3 Jesus tell am, "Make I tell yu true word, unless dem born pesin di sekond
time, e nor go fit si God kingdom."
4 Den Nikodimos ask am, "How dem go fit take born pesin wey don old
for di sekond time? Abi di pesin go enter en mama belle make di mama
born am again? E fit happen like dat?"
5 Jesus ansa am, "I tell yu di trut, unless God born pesin with wota and
en Spirit, di pesin nor go fit enter God kingdom. 6 Wetin flesh born, na
flesh e bi, but wetin God Spirit born, na spirit e bi. 7 So, make yu nor
konfuse bikos I tok sey, 'God go born yu for di sekond time.' 8 Wen breeze
dey blow, e dey go anywhere e wont, yu dey hear di sound wey e dey
make, but yu nor fit know where e dey kom from or where e dey go. Na
so e bi with evribody wey God Spirit born."
9 Nikodimos kon ask am, "How dis tins go fit happen?"
10 Jesus ansa, "Yu bi tisha for Israel, yet yu nor fit undastand dis tins?
11 Make I tell yu di trut, wi dey tok wetin wi sabi and dey bear witness for
wetin wi don si with awa eyes, but una nor gri asept wetin wi tok. 12 Naw,
if I dey tell una about di tins wey dey for dis world and una nor fit bilive
wetin I tok, how una go fit take bilive mi, if I bigin dey tell una about di
tins wey dey for heaven? 13 Nobody don go heaven before, escept Man
Pikin wey kom down from heaven and e go-go back der. 14 Yu si, as Moses
karry di snake go up wen dem dey inside desert, na so too dem go karry
Man Pikin up, 15 so dat anybody wey bilive am, go get life wey nor dey
end.
16 "God love di pipol wey dey dis world well-well, so E kon send di only
pikin wey E get to us, so dat anybody wey bilive am, nor go die, but e go
get life wey nor dey end. 17 God nor send en pikin kom kondemn di pipol
wey dey inside di world, but make e kom save dem. 18 Anybody wey bilive

am, God nor go kondemn am. But di pesin wey nor bilive am, God don
kondemn am already, bikos di pesin nor bilive God Pikin name. 19 Na dis
bi di rizin why God go judge di world, bikos lite don kom inside di world,
but pipol like to stay for darkness instead of lite, bikos dem dey do tins
wey nor good. 20 Yu si, evribody wey dey do bad tins dey hate lite and
dem nor go gri kom out for where lite dey, make pipol nor for si di bad
tins wey dem dey do. 21 But di pesin wey dey do good tins, dey kom out
for lite, so dat pipol go si di tins wey e dey do, bikos na as God wont naim
e dey do."

### *John Di Baptist Tok About Jesus*

22 Leta, Jesus and en disciples go Judea aria and dem kon stay der for
sometaim dey baptize pipol. 23 John dey baptize for Aenon, one town wey
near Salim, bikos plenty wota dey der and pipol dey kom meet am make
e baptize dem. 24 (For dis time, dem neva put John for prison). 25 Den
one Jew man kon dey argue with John disciples about how dem suppose
to wosh dia body as dia tradishon tok. 26 Some among dem go meet John
kon tell am, "Oga God, di pesin wey dey with yu for di oda side for Jordan
River, wey yu tok about before, en too, dey baptize pipol and evribody dey
rush go meet am."

27 John ansa dem, "Nobody go fit get anytin unless God wey dey heaven,
gi-am. 28 Unasef go fit bear witness sey, I tok sey I nor bi di Christ, but
God send mi kom, before Christ go kom. 29 Di pesin wey won marry new
wife naim bi di bridegroom. En friend, wey bi di best man, dey listin to
am. E go dey happy well-well wen e hear di bridegroom dey tok. Na dis
dey make mi happy and my joy don full. 30 Pipol must know Christ pass
as dem know mi.

31 "Di pesin wey kom from heaven betta pass evribody wey dey for dis
world. And who dey dis world, dey tok about di tins wey dey inside di
world. 32 But di pesin wey kom from heaven dey tok about wetin e si and
hear for heaven, but pipol nor gri listin to am. 33 But pesin wey bilive
wetin e tok about God, bilive sey wetin God tok, na true. 34 Di pesin wey
God send dey tok about God word, bikos God dey give en Spirit to pipol.
35 God love en pikin well-well and E gi-am pawa to kontrol evritin. 36 Pesin
wey bilive di only pikin wey God get, go get life wey nor dey end. But pesin
wey nor bilive Man Pikin, nor go get life at-all. God go always dey vex with
dat kind pesin."

## 4

### *Jesus And En Disciples Komot For Judea*

1 Jesus kon know sey di Farisee pipol don hear sey e dey baptize plenty
pipol pass John and di pipol dey follow am, 2 (aldo nor bi Jesus ensef dey
baptize pipol, but na en disciples dey do am).

### *Jesus Tok With Di Woman From Samaria*

3 Jesus komot for Judea dey go Galilee.

4 For am to rish der, e go must pass thru Samaria. 5 E kon rish one town
for Samaria wey dem dey koll Saikar, wey near di land wey Jakob give
Josef, wey bi en pikin. 6 Jakob well dey der too. Dat aftanoon, bikos Jesus
don taya to waka, e kon sidan near di well.

7 So one woman for di town kom draw wota for di well. Jesus tell am,
"Abeg give mi wota make I drink." 8 By dis time, en disciples don go inside
di town go buy food.

9 Den di woman kon tell Jesus, "How yu wey bi Jew kon dey ask mi wey
bi Samaria pesin, sey, 'Make I give yu wota drink?' " (E tok dis one bikos
Jew and Samaria pipol nor dey gri at-all.)

10 Jesus ansa am, "If yu know wetin God gift bi and di pesin wey dey
ask yu for wota so, yu for ask am and e go give yu di wota wey dey make
pesin live forever."

11 Di woman ask am, "Oga God, yu nor get bucket and di well deep well-
well, where yu go fit get dat kind wota? 12 Yu big pass awa grand-grand
papa Jakob wey give us dis well, where en family and animals dey drink
from?"

13 Jesus ansa, "Pesin wey drink from dis wota go always dey hongry for
wota. 14 But anybody wey go drink from di wota wey I go gi-am, nor go
hongry for wota again, bikos di wota wey I go gi-am, go turn to river wey
nor dey dry inside en belle and di wota go gi-am life wey nor dey end."

15 Di woman kon tell am, "Oga God, give mi dis wota, so dat I nor go
hongry for wota or kom here kon draw wota again."

16 Jesus tell am, "Go koll yor husband, make two of una kom meet mi."

17 Di woman ansa, "I nor get husband."

Den Jesus kon tell am, "Yu tok true wen yu sey 'I nor get husband.'
18 Bikos yu don marry five husband before and di man wey yu dey stay
with naw, nor bi yor real husband. Na true yu tok."

19 Di woman kon tell am, "Oga God, I si sey yu bi profet wey dey tok
wetin go happen. 20 Awa papa dem serve God for dis mountin, but una
kon tok sey, di place wey pipol suppose to woship God, na Jerusalem e
dey."

21 Jesus kon sey, "Woman, make yu bilive mi, di time dey kom, wen pipol
go woship God for anywhere wey dem dey, nor bi only for dis mountin
or for Jerusalem. 22 Una dey serve wetin una nor know, but wi dey serve
wetin wi know, bikos na Jew pipol, naim God first koll to ensef. 23 But di
time dey kom and e don even rish, wen di pipol wey won really serve God,
go serve am for di true way, wey God Spirit go show dem. 24 God na Spirit
and di pipol wey won serve am, must serve am for di true way wey God
Spirit go show dem."

25 Di woman ansa, "I know sey di Mezaya (di one wey dem dey koll
Christ), wey go save evribody, go kom and anytime wen e kom, e go tell us
evritin."

26 Jesus kon tell am, "Na mi wey dey tok to yu so, bi di Mezaya."

### *Di Disciples Kom Back*

27 Wen Jesus dey tok to di woman, en disciples kon kom back. Dem
sopraiz sey e dey tok with one woman, but dem nor fit ask am, "Wetin e
wont?" or "Why e dey tok to di woman?"

28 By dis time, di woman don leave en pot wey e take kom draw wota
kon run go inside di town go tell pipol sey, 29 "Make una kom si one man
wey tell mi all di tins wey I don do. Dis man nor bi di Mezaya so?" 30 So
di pipol kom out for di town go meet Jesus.

### *More Workers For Di Harvest*

31 By dis time, di disciples kon beg am, "Tisha, make yu chop sometin naw."

32 But e tell dem, "I get food wey I go chop wey una nor know about."

33 Di disciples kon dey ask demsef, "Abi somebody don bring sometin for am to chop wen wi nor dey here?"

34 Jesus kon tell dem, "My food na to do wetin my Papa tok and make
I finish di work wey E send mi. 35 Nor bi una dey tok sey, 'Na for monts
remain before dem go plok fruit wey dem plant for farm?' Make una look
round and una go si sey fruit don ripe rish to plok. 36 God go reward di
pesin wey plok plenty fruit from wetin odas plant and e go get life wey nor
dey end. So, di pesin wey plant and di pesin wey plok wetin dem plant, go
happy togeda. 37 Dis one show sey, di tin wey pipol dey tok sey, 'One pesin
plant and anoda pesin plok di fruit', na true word. 38 I send una go plok
wetin una nor plant. Oda pipol don sofa plant dem, but una kon enjoy
wetin dem sofa for."

### *Samaria Pipol Kon Meet Jesus*

39 By dis time, many pipol from Samaria town kon bilive am, bikos of di
tins wey di woman tok, "E tell mi all di tins wey I don do." 40 Wen Samaria
pipol kom meet am, dem kon dey beg am sey, make e stay with dem. So
e kon stay der for two days, 41 and bikos of wetin e tok, many pipol kon
bilive am.

42 Den dem kon tell di woman, "Nor bi wetin yu tell us make us bilive, but bikos wi don take awa own ear hear and wi don know sey, dis pesin true-true, na-im go save all di pipol wey dey dis world."

43 Wen two days pass, Jesus komot from der go Galilee. 44 (Bikos Jesus
don tok am sey, "Pesin wey bi profet nor dey get respet for en home-town").
45 Wen e rish Galilee, di pipol wey dey der kon welkom am, bikos dem don
si all di tins wey e do for Jerusalem for di time wen dem dey do Passova
Feast.

### *Jesus Heal Soja Oga God Pikin*

46 Again, e go Kana wey dey Galilee, for where e first turn wota to wine.
For Kapanaum, one soja-man wey dey work for di king palis dey der and
en pikin wey nor well. 47 Wen e hear sey Jesus don kom back to Galilee, e
go meet am kon beg am sey make e kom heal en pikin wey won die.

48 So Jesus ask am, "If una nor si signs and wonders una nor go bilive mi?"

49 Di man ansa, "Oga God, abeg make yu kom before my pikin go die."

50 Jesus kon tell am, "Make yu go house, yor pikin nor go die."

Di man bilive wetin Jesus tell am, so e kon komot go en house. 51 Wen
e don near house, en savants kon meet, tell am sey, "Yor pikin don well, e
nor die." 52 So, e ask dem di time wen di pikin bigin dey betta. Dem kon
tell am, "Na yestiday for one oklok for aftanoon naim e well."

53 Bikos of wetin dem tok, di pikin papa kon remember sey dat na di time wen Jesus tell am sey, "Yor pikin nor go die." Bikos of dis, di man and evribody wey dey en house kon bilive Jesus.

54 Dis na di sekond mirakle wey Jesus do for Galilee, afta e kom back from Judea.

# 5

*Jesus Heal Man Wey Nor Fit Waka*

1 Jesus kon go one feast wey dem dey do for Jerusalem. 2 One pool dey
der wey near di Sheep Gate, di name na Betsaida for Aramaik language.
Na five roads pipol take dey enter inside. 3 Pipol wey nor well, wey blind
and doz wey nor fit waka dey liedan for di difren roads. 4 From time to
time, one angel dey kom shake di wota and anybody wey first enter di
wota afta di angel don shake am, go well. 5 One man dey der wey nor fit
waka for thirty-eight years. 6 Wen Jesus si am liedan for der, e kon know
sey di man neva fit waka for long time. So, Jesus kon ask am, "Yu won
waka?"

7 Di man ansa am, "Oga God, I nor get anybody wey go put mi inside di
pool wen di wota dey shake. Anytime I dey try to enter di wota, anoda
pesin go kwik enter before I rish der."

8 Jesus tell am, "Make yu get up! Karry yor mat make yu bigin waka."
9 At wons, di man get up, karry en mat kon bigin waka. (Dat day na Sabat).
10 Den di Jew oga dem kon tell di man wey dey waka naw sey, "Today na
Sabat, yu nor suppose to karry yor mat dey waka."

11 Naim e ansa dem, "Di man wey make mi well, tell mi sey, 'Make I
karry my mat and make I bigin waka.' "

12 Dem kon ask am, "Who bi di man wey sey, 'Make yu karry yor mat,
make yu dey waka?' "

13 But di man nor know who e bi, bikos Jesus don komot der and plenty
pipol dey for dat place.

14 Afta dis, Jesus kon si di man inside di temple. So e kon tell am, "Look,
yu don well naw, make yu nor kommit sin again, oda-wise, di tin wey bad
pass wetin do yu before, go happen to yu." 15 Di man kon go tell di Jew
oga dem sey, "Na Jesus bi di pesin wey make mi well."

*Jesus Ansa Di Jew Oga God Dem*

16 Bikos Jesus dey do all dis tins for Sabat Day, di Jew oga dem kon dey
make trobol with am. 17 So e tell dem, "My Papa dey work evritime and na
so mi too dey work." 18 Bikos of dis, di Jew oga dem kon dey try to kill-am,
bikos dem sey e dey break di Sabat law and e dey koll God en papa, like
sey en and God na mate.

19 Naim Jesus ansa dem, "Make I tell una true word, di Pikin nor fit do
anytin with en own mind, escept di tins wey e si en Papa dey do. And na
anytin wey e si en Papa dey do, naim e dey do too. 20 Bikos di Papa get
strong love for en pikin, e dey always show am evritin wey e dey do and e
go show am plenty tins wey pass dis one and una go sopraiz. 21 As di Papa
get pawa to take wake pesin wey don die, na so too di pikin get pawa to
give life to anybody wey en won give. 22 Di Papa nor dey judge anybody,
but e don give en pikin pawa to judge evribody, 23 so dat evribody go bow
down for di pikin as dem dey bow down for di Papa. If anybody nor bow
show respet for di pikin, e nor go get di mind to respet di Papa wey send
di pikin kom.

24 "I tell una true word, di pesin wey take wetin I tok and bilive sey na
di Papa send mi, go get life wey nor dey end and e nor go enter hell-fire,
but e go get life wey nor dey end. 25 I tell una true word, di time dey kom
and e don even rish groun naw, wen doz wey don die go hear Man Pikin

vois and wen dem hear am, dem go wake-up and dem nor go die again.
26 Bikos as di Papa get life for inside am, na so e give en pikin life too. 27 Di
Papa don give en pikin di pawa to judge pipol.
28 "So, make dis word nor sopraiz una, bikos di time dey kom, wen all
doz wey dey inside grave go hear di pikin vois, 29 and di angels go kon
separate di pipol wey do good tins, so dat dem go enter life wey nor dey
end, but God go kondemn di pipol wey dey do bad tins. 30 I nor go fit do
anytin with my own pawa, but na wetin I dey hear from my Papa, naim
I dey use take judge. Any judgement wey I give, na true one, bikos I nor
dey do my own tin, but I only dey do as my Papa send mi.
31 "If I tok about mysef, e fit bi sey wetin I tok nor bi true", 32 bikos anoda
pesin dey wey go tok about mi and I know sey wetin e tok about mi, na
true.
33 "Una don send message go meet John and e don tell una true word.
34 (I nor dey trust wetin pipol tok, but I dey tell una dis word make God
for save una.) 35 John lite shine well-well for small time and una happy
wen una si en lite."

### *Jesus Tok About Ensef*

36 But I get pesin wey go bear witness about mi wey big pass John, bikos
di work wey my Papa give mi make I do, naim I dey do so; so di work
dey bear witness sey, na my Papa send mi. 37 And my Papa wey send mi,
en ensef don bear witness about mi. Una neva hear my Papa vois or si
am before. 38 En word neva still dey inside una, bikos una nor bilive sey
na-im send mi. 39 Una dey read God word well-well, bikos una bilive sey
na wetin una read, go give una life wey nor dey end and na dis same word
dey tok about mi, 40 but una nor ready to kom meet mi, so dat una go get
life wey nor dey end.
41 "I nor like make pipol dey praiz mi, 42 bikos I know sey, una nor love
God for inside una heart. 43 I kom with my Papa name and una nor gri
asept mi, but if anoda pesin kom with en own name, una go asept am.
44 How una go fit bilive wen una dey praiz each oda and una nor kare for
di praiz wey only God fit give.
45 "Make una nor tink sey I go akuiz una before my Papa. Di tin wey go
stand against una na di law wey Moses rite, wey una dey put hope for. 46 If
una bilive wetin Moses rite for di law, una suppose to bilive mi too, bikos
na mi e rite about. 47 But if una nor bilive wetin Moses rite, how una go
take bilive wetin I dey tell una naw?"

# 6

### *Jesus Feed 5,000 Pipol*

1 Wen Jesus don tok finish, e kon cross go Tiberias wey dey di oda side
for Galilee wotaside. 2 Plenty pipol follow am, bikos dem si wen e heal
pipol wey nor well. 3 Jesus komot for der go di mountin side kon sidan
der with en disciples. 4 (Dat time, Passova Feast don rish.)
5 Wen Jesus look up, e si plenty pipol dey kom meet am. Den e ask Filip,
"Na where wi go fit si bread buy wey all dis pipol go chop?" 6 Jesus tok dis
one make e for si wetin Filip go do, bikos en ensef know wetin e won do.
7 Filip ansa, "Even if wi buy bread wey rish two hundred silva koins and
if dem share am small-small, e nor go rish evribody chop."

8 Anoda disciple wey en name bi Andru, wey bi Simon Pita broda kon
tell Jesus sey, 9 "One boy dey here wey get five bread and two fish, but dis
one nor go rish dis plenty pipol chop at-all!"
10 Jesus ansa, "Tell all di pipol make dem sidan" (as plenty grass dey di
place wey dem go fit sidan put). Di men wey sidan, rish 5,000. 11 Jesus take
di bread kon tank God. Den e divide am give di pipol wey sidan. E do di
same tin with di fish. All of dem chop as dem wont kon beleful well-well.
12 Wen evribody don beleful, Jesus kon tell en disciples, "Make una gada
wetin remain, make anytin nor waste." 13 Wen dem gada wetin dem chop
remain for di five bread, e full twelf basket.
14 So wen di pipol si di mirakle wey Jesus do, dem kon dey tok among
demsef sey, "True-true, dis man na di profet wey God send kom dis world."
15 Since Jesus know sey dem go won take am by force go make am dia king,
only en kon komot go on-top di mountin alone.

### *Jesus Waka On-top Wota*

16 Wen evening rish, en disciples kon go wotaside go wait am, 17 dem
enter one kenu, cross go Kapanaum (by dis time, evriwhere don dey dark
and Jesus neva kom meet dem.) 18 Den strong breeze bigin blow and di
river kon dey rof well-well. 19 Wen dem don padol di kenu go rish about
three or for mile, dem si Jesus dey waka on-top di wota dey kom near
dem. Fear kon katch dem well-well. 20 Jesus tell dem, "Na mi, make una
nor fear." 21 As dem dey try make e enter inside di kenu, dem kon si sey
di kenu don rish where dem dey go.
22 Wen day don break, di pipol wey dey di oda side for di river know sey
na only one small kenu dey der. Dem still know sey Jesus enter di kenu
with dem. 23 So some kenu wey kom from Tiberias kon rish di wotaside
near di place wey dem for chop bread, afta Jesus don pray. 24 So wen di
pipol si sey Jesus and en disciples nor dey der, dem enter di kenu kon go
look for Jesus for anoda town wey dem dey koll Kapanaum.
25 Wen dem si Jesus for di oda side for di river, dem ask am, "Tisha, wish
time yu kom here?"
26 Jesus ansa dem, "Make I tell una true word, na bikos of di bread wey
una chop naim make una dey find mi, nor bi bikos of di mirakles wey una
si. 27 Make una nor work for food wey nor dey last, but for food wey go
give una life wey nor dey end and dat kind food, na only Man Pikin go fit
give una, bikos na-im God send kom."
28 Dem kon ask am, "Wetin wi go do to make God happy with us?"
29 Jesus ansa, "God wont sey make una bilive di pesin wey E send."
30 Dem still ask Jesus, "Wish kind mirakle yu go do make wi si, make wi
for bilive yu? 31 Awa grand-grand papa dem chop manna for wildaness as
dem rite for God word sey, 'God give dem bread from heaven to chop.' "
32 Den Jesus tell dem, "Make I tell una true word, nor bi Moses give una
bread from heaven, but God, wey bi my Papa, na-im give una di true bread
from heaven. 33 God bread na di pesin wey kom down from heaven kon
give betta life to di pipol wey dey dis world."
34 So dem tell am, "Oga God, from naw go, make yu give us dis bread."
35 Jesus kon tell dem, "Na mi bi di bread wey dey give life. Pesin wey kom
meet mi nor go hongry lie-lie and di pesin wey bilive mi, nor go hongry
for wota again. 36 As I don tell una, una dey si mi, but una nor bilive.

37 Anybody wey my Papa give mi, go kom meet mi and wen e kom, I nor
go ever drive am. 38 Nor bi to do wetin I wont make mi kom down from
heaven, but na to do wetin my Papa wont. 39 Wetin my Papa wey send mi
wont, na make I nor luz anybody wey e give mi, but make I for take dem
go up for di last day. 40 Wetin my Papa wont bi sey, anybody wey bilive en
pikin, go get life wey nor dey end and I go wake am up for di last day."

41 Den di Jew pipol bigin vex and komplain about Jesus, bikos e tok sey,
"Na mi bi di bread wey kom down from heaven." 42 Den dem sey, "Dis
Jesus sef nor bi Josef pikin, wey wi know en papa and mama? Na how e
kon dey tok sey, 'I kom down from heaven?' "

43 Jesus ansa, "Make una nor komplain about mi give each oda.
44 Nobody go fit kom meet mi with en own pawa, unless my Papa wey
send mi draw am kom meet mi and I go take am go up for di last day.
45 Na so di profets rite sey, 'God go tish evribody.' Anybody wey hear
wetin my Papa tok, go kom meet mi. 46 (Nor bi sey anybody don si di
Papa before, escept mi wey kom from heaven). 47 I dey tell una true word,
anybody wey bilive mi, don get life wey nor dey end. 48 Na mi bi di bread
wey dey give pesin life. 49 Una grand-grand papa dem chop manna for
wildaness, but dem still die. 50 Dis na di bread wey kom from heaven, so
dat anybody wey chop am, go get life wey nor dey end. 51 Na mi bi di
bread wey kom down from heaven. Anybody wey chop dis bread go live
forever. Na my flesh bi di bread wey I go give di pipol wey dey for dis
world."

52 Den di Jew pipol wey dey vex with Jesus kon bigin dey argue with one
anoda dey sey, "How dis man go give us en flesh make wi chop?"

53 Jesus tell dem, "I dey tell una true word, unless una chop Man Pikin
flesh and drink en blood, una nor go get life for inside una. 54 Di pesin wey
go chop my flesh and drink my blood, don get life wey nor dey end and
I go take am up for di last day. 55 My flesh na di real food and my blood
na di korrect drink. 56 Di pesin wey chop my flesh and drink my blood,
go stay inside mi and I go dey inside am too. 57 Na my Papa wey dey for
heaven send mi and as I dey for dis life bikos of am, na so di pesin wey
chop my flesh go get life, bikos of mi. 58 Dis na di bread wey kom down
from heaven, e nor bi like di bread wey una grand-grand papa dem chop
and afta, dem still die. Di pesin wey go chop dis bread nor go ever die, but
e go live forever."

### *Many Pipol Follow Jesus*

59 Jesus tok dis tins wen e dey tish dem for inside di temple for
Kapanaum. 60 Wen Jesus many disciples hear wetin e tok, dem kon sey,
"Dis tin wey Jesus dey tok so hard well-well o-o! Na who go fit undastand
dem?"

61 Wen Jesus know sey en disciples dey komplain about wetin e tok, e
kon ask dem, "Wetin I tok so dey make una vex too? 62 Wetin go happen
if una si Man Pikin go back to heaven where e dey before? 63 Na di Spirit
go fit give pesin life; human being pawa nor fit do am. All dis word wey
I dey tell una so, dem bi Spirit and dem dey give pesin life. 64 But some
of una nor bilive." (From biginnin, Jesus don know di pipol wey nor go
bilive and di pesin wey go sell am give en enemy.) 65 So Jesus kon sey, "Na

bikos of dis I tell una sey, nobody go fit kom meet mi with en own pawa,
unless my Papa let am kom."

### *Pita Tok About Jesus*

66 Afta dis, Jesus many disciples kon stop to follow am.
67 Den Jesus ask en twelf disciples, "Una won go too?"
68 Den Simon Pita ansa am, "Oga God, na who wi go kon go meet? Na yu
get di word wey dey give pipol di life wey nor dey end. 69 Wi don bilive
and know sey, 'Na yu bi di Holy One wey God send kom meet us.' "
70 Jesus ansa, "Nor bi twelf of una I choose? But one pesin among una
na devil pikin." 71 (E tok dis one about Judas, wey bi Simon Iskariot pikin,
bikos na dis Judas, wey bi one among en twelf disciples, naim go sell am
give en enemy.)

# 7

### *Tabanako Feast*

1 Afta, Jesus kon travel go evriwhere for Galilee. Den e komot for Judea,
bikos di Jew oga dem won kill-am. 2 Di time kon rish wen Jew pipol dey
do dia feast wey dem dey koll Tabanako Feast. 3 Jesus brodas kon dey tell
am, "Komot for here go Judea, make yor disciples si di mirakles wey yu
dey do. 4 Bikos anybody wey wont make pipol sabi who e bi, nor go do
anytin for korna. Since yu dey do dis tins, e good sey make yu show yorsef
to evribody." 5 (Even en brodas nor bilive wetin Jesus dey do.)
6 Jesus ansa dem, "Time neva rish for mi to go, but una fit go anytime
una like. 7 Pipol like una, but dem nor like mi, bikos I dey tell dem sey
wetin dem dey do nor good. 8 Make una go di feast, I nor go-go, bikos my
time neva rish." 9 Afta e don tok finish, e kon stay for Galilee.
10 But wen en brodas don go di feast, Jesus kon go der too, but e nor let
anybody know sey e dey der. 11 Di Jew oga dem kon dey ask pipol, "Where
e dey?"
12 Dem kon dey tok among demsef. Some sey, "Jesus na good pesin", but
odas sey, "E dey play pipol wayo." 13 But nobody fit tok out, bikos dem dey
fear di Jew oga dem.

### *Jesus Tish For Di Temple*

14 Wen di feast don rish half, Jesus enter di temple kon dey tish. 15 Di
Jew oga dem sopraiz and dem kon dey sey, "How e take know dis tins wey
e dey tish so, as e bi sey e nor go skool at-all?"
16 Jesus ansa dem, "Wetin I dey tish nor bi my own, but na di Pesin wey
send mi, na-im give mi. 17 Anybody wey ready to do wetin God wont,
di pesin go know weda wetin I dey tish na from God or na my own.
18 Anybody wey dey tok with en own pawa, go wont make pipol praiz
am, but di pesin wey won honor who send am, naim dey do wetin korrect
and sin nor dey inside am. 19 Moses nor give una di law? But una nor gri
obey am. Why e bi sey una won kill misef?"
20 Di pipol ansa Jesus, "Demon don enter yor body! Who won kill yu?"
21 Den Jesus ansa, "Na one mirakle wey I do so, make una dey sopraiz?
22 Na true sey Moses tell una to sekonsaiz una son, (nor bi Moses start am,
na from Abraham time e start) and una dey sekonsaiz una son for Sabat
Day. 23 Since una dey sekonsaiz for Sabat Day so dat una nor go break

Moses Law, why una dey vex with mi, bikos I heal dis sick man for Sabat
Day? 24 Make una nor dey judge pesin, bikos of wetin una si with una eye,
but make una give korrect judgement as e suppose to bi."

### *Who Jesus Bi*

25 Some pipol wey dey stay for Jerusalem kon dey sey, "Dis nor bi di man
wey dem won kill? 26 Naim dey here dey tok for publik so and dem nor
fit tell am anytin. Abi di oga dem don gri sey naim bi di Christ? 27 Wisef
know di place where dis man from kom and wi know sey anytime wey
Christ go kom, nobody go fit know where e go kom from."

28 As Jesus dey tish for di temple, e kon shaut sey, "Una know mi and
di place wey I from kom, nor bi my pawa I take kom, na God wey send
mi naim bi di korrect Pesin. But una nor know am. 29 But I know am
well-well, bikos na from am, I kom and naim send mi."

30 Dem kon try to katch Jesus, but nobody fit tosh am, bikos en time neva
rish. 31 Many pipol for der bilive am kon sey, "Anytime di pesin wey bi di
Christ kom, e go fit do mirakle wey pass wetin dis one dey do so?"

32 Wen di Farisee pipol hear pipol dey tok about Jesus, dia oga and di
priests kon send sojas go arrest am.

33 Jesus kon tell dem, "I go only stay with una for small time and afta, I
go-go meet di Pesin wey send mi. 34 Una go dey look for mi, but una nor
go si mi and una nor go fit kom meet mi for where I dey."

35 Den di Jew oga dem kon dey ask each oda, "Where e won go wey wi
nor go fit si am, abi e won go tish Jew pipol wey dey stay with Greek pipol?
36 Wetin e mean wen e tok sey, 'Una go look for mi, but una nor go si mi
and where I dey, una nor go fit kom der?' "

### *Wetin Jesus Tish About Di Spirit*

37 For di last day for di feast, wey bi di biggest day, Jesus stand kon shaut,
"If wota dey hongry anybody, make e kom meet mi. 38 Di pesin wey bilive
mi and wetin I tok, make e kom drink, just as God word sey, 'Plenty wota
wey dey give life, go flow from inside en belle.' " 39 (E tok dis tin about di
Spirit wey di pipol wey bilive am go get, bikos by dis time, God neva give
en Spirit to pipol, bikos E neva honor Jesus Christ.)

### *Wetin Pipol Tok About Jesus*

40 Wen pipol hear wetin e tok, some for dem kon sey, "True-true, dis
man naim bi di Profet!"

41 Some still sey, "Na-im bi di Christ", but odas sey, "Na lie, Christ nor
fit kom from Galilee. 42 Abi God word nor sey, 'Christ go kom from David
family wey dey Betlehem, di village wey David from kom?' " 43 So di pipol
kon divide bikos of Jesus. 44 Some of dem kon dey try to katch am, but
nobody fit take hand tosh am.

### *Pipol Nor Agri Bilive Jesus*

45 Wen di sojas go back, di priest oga dem and Farisee pipol kon ask dem,
"Why una nor katch Jesus kom?"

46 Di sojas ansa, "Wi neva si anybody wey tok like dis man before!"

47 Den di Farisee pipol kon ask di sojas, "Abi, e don deceive una too?
48 Abi any of us wey bi Farisee pipol or priests don bilive Jesus? 49 Curse
dey dis pipol head, bikos dem nor know di law."

50 Den one man wey en name bi Nikodimos, wey don first go meet Jesus
and wey bi one of di big oga dem kon sey, 51 “Awa law nor dey kondemn
pesin unless wi don hear wetin di pesin tok or si wetin e dey do, abi nor
bi so?”
52 Dem kon ask am, “Abi na Galilee yu too from kom? If yu look well,
yu go si sey know profet go fit kom from Galilee.”
53 Afta dis, evribody bigin go en house.

# 8

### *Di Ashawo Woman*

1 Den Jesus waka enter Mount Olives. 2 For early morning, e enter di
temple. Plenty pipol gada for der and e kon sidan dey tish dem. 3 Di pipol
wey sabi di law and di Farisee pipol kon bring one woman wey dem katch
sey e sleep with man wey nor bi en husband. Dem kon make am stand
for dia front, 4 den dem tell Jesus, “Tisha, wi katch dis woman wen e dey
sleep with one man wey nor bi en husband. 5 Moses Law sey, ‘Make dem
stone dis kind woman die.’ Wetin yu get to tok for dis matter?” 6 (Dem
ask am dis kweshon to set trap for am, make dem for fit katch am).
But Jesus bend down kon take en finger dey rite sometin for groun.
7 Wen dem kontinue to dey worry am, e kon get up tell dem, “Any of una
wey neva kommit sin before, make e bi di first pesin to stone dis woman.”
8 E kon bend down again bigin rite for groun.
9 Wen dem hear wetin e tok, dem kon dey komot for der one-by-one. Na
di old pipol first start to komot, till e remain only Jesus and di woman wey
stand for en front. 10 Den Jesus stand up ask am, “Madam, where di pipol
wey bring yu? Nobody remain to kondemn yu?”
11 Di woman ansa, “Oga God, nobody remain.”
Den Jesus tell am, “Mi too nor go kondemn yu. But from naw go, make
yu nor sin again.”

### *Na Jesus Bi Di Lite Wey Dey Di World*

12 Den Jesus sey, “Na mi bi di lite wey dey di world, anybody wey follow
mi, nor go waka for darkness lie-lie, but e go get di lite wey go gi-am life.”
13 Di Farisee pipol kon dey argue with am sey, “Yu dey tok about yorsef
and wetin yu tok, nor bi true.”
14 Jesus ansa dem, “Even if I dey tok about mysef, wetin I dey tok na
true, bikos I know where I from kom and where I dey go. But una nor
know where I from kom or where I dey go. 15 Una dey judge pesin with
wetin una si with una eye, but I nor dey judge pipol like dat. 16 But, if I
sey pesin do bad, di tins wey I si and tok about, na true, as e bi sey nor bi
only mi dey tok am. Na mi and my Papa wey send mi, dey tok am togeda.
17 God word sey, ‘Wetin two pipol bear witness about, na true.’ 18 I dey
bear witness about mysef and my Papa wey send mi, dey bear witness
about mi too.”
19 Dem kon bigin kweshon am, “Who bi yor Papa sef?”
Jesus ansa dem, “Una nor know mi or my Papa, if to sey una know mi,
una for know my Papa too.” 20 Jesus dey tok to dem near di box where
dem dey put ofrin money, wey dey inside di temple. Nobody fit katch am,
bikos en time neva rish.

### *Where Jesus From Kom And Where E Dey Go*

21 Den Jesus kon tell dem again, "I dey go and una go look for mi, but
una go die inside una sin. Where I dey go, una nor go fit kom der."
22 So di Jew oga dem kon dey ask, "Abi e won go kill ensef? As e dey tok
sey, 'Where I dey go, una nor go fit kom der?' "
23 Jesus ansa dem, "Na groun una from kom, but mi, na heaven I from
kom. Una kom from dis world, but I nor kom from dis world. 24 Na dis
make mi sey una go die inside una sin. Unless una bilive sey, 'Na mi bi di
pesin wey I tok sey I bi', una go die inside una sin."
25 Den dem ask am, "Who yu bi sef?"
Jesus ansa, "Na wetin I tell una from di biginnin. 26 I get plenty tins to
tok about wetin una dey do, but my Papa wey send mi, nor dey lie and na
wetin E tell mi I dey tell pipol wey dey dis world."
27 (But dem nor undastand sey e dey tok about en Papa for heaven).
28 Den Jesus sey, "Wen una don karry mi put for cross, una go know who I
bi. I nor just dey do anytin wey I like, but I dey always do wetin my Papa
tell mi. 29 And di Pesin wey send mi dey with mi. E nor dey leave mi, bikos
I always dey do di tins wey E wont." 30 As e dey tok, many pipol kon bilive
am.

### *Abraham Pikin And Devil Shidren*

31 Jesus kon tell di pipol wey kom from Judea wey bilive am, "If una
obey wetin I dey tish una, den una go bi my disciples 32 and una go know
di trut and di trut go free una."
33 Dem tell am, "All of us na Abraham pikin, wi neva bi slave to anybody
before. Why yu dey sey, wi go dey free?"
34 Jesus ansa dem, "Na true word I dey tell una, anybody wey dey kommit
sin, na sin bi di masta wey dey rule am. 35 Pesin wey bi slave nor dey stay
for inside dat family forever, but pesin wey bi pikin for di family, naim
dey stay forever. 36 So wen Man Pikin free una, una don dey free bi dat.
37 I know sey una kom from Abraham family, but una won kill mi bikos
una nor won hear wetin I dey tok. 38 Na wetin I si wen I dey with my
Papa, naim I dey tell una, so make una dey do di tins wey una hear from
my Papa."
39 Dem tell am, "Na Abraham bi awa papa."
Den Jesus ansa dem, "If una bi Abraham pikin, una for dey do di tins
wey Abraham do. 40 But una won kill mi, bikos I tell una di real trut wey
I hear from God. Abraham nor do wetin una dey do so o-o. 41 Una dey do
di tins wey una papa do."
Dem kon tell Jesus, "Awa papa nor born us for outside marriage. Na
God ensef bi di papa wey wi get."
42 Den Jesus ansa, "If to sey na God bi una Papa, una for like mi, bikos I
kom from God and as I dey so, I nor kom do my own tins, bikos na-im send
mi. 43 Na bikos una nor won asept wetin I dey tish, naim make una nor
fit undastand wetin I dey tok. 44 Na devil bi una papa and na di tin wey
una papa wont, naim una dey do. E dey kill pipol from di biginnin and e
nor dey support wetin good, as e nor get any good tin inside am. Anytime
e dey tok, na di lie wey dey inside am, na-im e dey tok, e bi lie-lie pesin,
bikos naim bi lie-lie papa. 45 Na bikos I dey tell una true word, naim make
una nor gri bilive mi. 46 Who among una go fit show sey I kommit sin?
Since I dey tell una true word, why una nor won bilive mi? 47 Di pesin

wey bi God pikin, dey listin and do wetin dem rite for God word. Una nor
dey listin and una nor dey do wetin dem rite for God word, bikos una nor
bi God Pikin."
48 So di pipol kon sey, "E bi like sey yu bi Samaria pesin and demon dey
inside yu."
49 Jesus kon tell dem, "I nor get demon. I dey respet my Papa, but una
nor gri respet mi. 50 I nor wont make una praiz mi, but na God, di One
wey dey heaven, na-im wi suppose praiz and E go judge evribody for di
korrect way. 51 I dey tell una true word, if anybody follow wetin I dey tish,
e nor go die again."
52 Den di pipol sey, "Eehen! Wi don know naw sey demon dey inside
yu. Abraham and di profets don die, but yu dey tell us sey, 'Anybody wey
follow wetin I dey tish nor go die.' 53 Yu big pass awa papa Abraham and
all di profets wey don die? Who yu tink sey yu bi sef?"
54 Jesus ansa, "If I dey praiz mysef, my praiz na yeye one. Di pesin wey
dey praiz mi na my Papa, wey una dey sey, 'Na-im bi awa God.' 55 Una nor
know am, but I know am and if I sey I nor know am, I dey lie like una. I
know am and I dey follow wetin e dey tok. 56 Una papa Abraham happy
well-well wen e hear sey I dey kom. E si am and e happy well-well."
57 Den di pipol ask am, "Yu neva old rish fifty years and yu sey yu don
si Abraham?"
58 Jesus ansa dem, "Na true word I dey tell una so, before dem born
Abraham, I don already dey!" 59 Den, dem kon pick stone won stone am,
but Jesus hide kon komot from di temple aria.

# 9

*Jesus Heal Blind Man*

1 Wen Jesus dey waka pass, e kon si one man wey blind from di time
wey en mama born am. 2 En disciples ask am, "Tisha, na wish pesin sin,
wey make dis man blind since di time en mama born am? Na di man or
na en papa and mama?"
3 Jesus ansa dem, "Nor bi di man or en papa and mama sin, but e blind
since dem born am, bikos God won use dis one show en pawa with wetin
go happen to am. 4 I must do di work for di Pesin wey send mi before
day go dark, bikos nite dey kom wen nobody go fit work. 5 As far as I dey
inside dis world, na mi bi di lite for di world.
6 "Afta e tok finish, e spit for groun kon take di san-san wey e spit put
take rub di blind man eye. 7 Den e tell am, Make yu go wosh yor face
inside di pond wey dem dey koll Siloam (dis name mean 'Send')." So di
blind man kon go wosh en face as Jesus tell am. As e dey kom back, e kon
bigin si.
8 Den en neighbours and oda pipol wey dey si am dey beg before, kon
ask sey, "Dis nor bi di man wey dey sidan dey beg for money?" 9 Some
pipol ansa, "Na-im o-o!" Odas tok sey, "Nor bi en, but e look like am."
Di man ensef kon sey, "Na mi bi di pesin."
10 Dem ask am, "Wetin happen wey make yu bigin si?"
11 E ansa dem, "Na di man wey dem dey koll Jesus take san-san wey e
spit put rub my eye. Den e tell mi sey, 'Make yu go Siloam go wosh yor
face.' Afta I go wosh my face for di pond, I kon bigin si."
12 Naim dem ask am, "Where di man dey?"

E ansa dem, “I nor know o-o.”

### *Di Farisee Pipol Kweshon Di Man*

13 Dem take di man wey blind before go meet di Farisee pipol, 14 (bikos
na for Sabat Day Jesus spit for san-san take rub di blind man eye). 15 Naim
di Farisee pipol ask am again, “How yu take bigin si?” E ansa dem, “E take
di san-san wey e spit put rub my eye and afta I don wosh my face, I kon
bigin si.”

16 Some Farisee pipol kon sey, “Nor bi God send dis man, bikos e nor
suppose to do any work for Sabat Day.”

But odas sey, “How pesin wey dey kommit sin go fit do dis kind mirakle?”
Dis argument kon make di pipol divide.

17 Dem ask di man wey blind before sey, “Wetin yu tink about di man
wey make yu dey si?”

Di man ansa, “Na profet e bi.”

18 Di Jew oga dem nor gri bilive sey, true-true di man blind before, so
dem kon koll en papa and mama. 19 Dem ask dem, “Na una pikin bi dis?
Na true sey e blind wen una born am? How e kon take dey si naw?”

20 So en papa and mama ansa, “Wi know sey dis na awa pikin and e
blind wen wi born am. 21 But wi nor know how e take bigin si or even
who open en eye. Make una ask am, e don big rish to tok for ensef.” 22 (En
papa and mama tok like dis, bikos dem dey fear di Jew oga dem wey don
tok sey, “Anybody wey tok sey na Jesus bi di Christ, dem go drive am komot
from di sinagog.” 23 Na dis one make en papa and mama sey, “Make dem
ask am, bikos e don big rish to tok for ensef).”

24 So dem koll di man again kon tell am, “Make yu promise before God
sey yu go tok di trut, bikos wi know sey di man na sina.”

25 Man ansa dem, “Weda na sina e bi, I nor know! But wetin I know bi
sey, before I blind, but naw, I don dey si.”

26 So dem ask am again, “Wetin e do? How e take make yu dey si sef?”

27 E kon ansa dem, “I don tell una before, but una nor gri. Why una won
hear am again? Abi, una won bi en disciples too?”

28 Dem shaut for di man kon sey, “Na yu bi en disciple. Wi bi Moses
disciples. 29 Wi know sey God tok to Moses, but wi nor know where dis
man from kom.”

30 Di man kon sey, “I sopraiz for una o-o. Una nor know where e from
kom, but na-im open my eye! 31 Wi know sey God nor dey listin to anybody
wey dey sin, but if pesin dey do wetin God tok, God go hear en prayer. 32 Wi
neva hear before sey, anybody don fit make pesin wey blind si. 33 If God
nor send dis man, e nor go fit do dis kind tin.”

34 Dem kon tell di man, “Na for inside sins born yu, yu tink sey yu go fit
tish us anytin?” So dem drive am komot from di place.

### *Di Man Follow Jesus*

35 Wen Jesus hear sey dem don drive di man komot, e go look for am
kon ask am, “Yu bilive who Man Pikin bi?”

36 Di man kon sey, “Oga God, tell mi who e bi, make I for fit bilive am?”

37 Jesus ansa am, “Na-im dey here dey tok to yu so.”

38 Di man kon sey, “Oga God, I bilive.” Den e knee down kon woship
Jesus.

39 Jesus tell am, “I kon judge pipol for di world, so dat di pipol wey nor
dey si, go bigin si and doz wey tink sey dem dey si, dia eye go blind.”
40 Wen di Farisee pipol wey dey der hear wetin Jesus tok, dem kon ask
am, “Yu tink sey wisef blind?”
41 Jesus ansa dem, “If una gri sey una blind, God nor go kondemn una
bikos of una sin, but as una tok sey una dey si so, una sin dey for una
head.”

# 10

### *Di Good Shepad*

1 “Na true word I dey tell una, pesin wey nor pass door enter di place
where dem dey keep sheep, but klimb pass anoda side enter di place, na
big tif. 2 Di pesin wey pass di door enter, na-im bi di shepad wey dey guide
di sheep. 3 Di gateman go open di door for am and en sheep go hear en
vois wen e koll dia name and e go lead dem kom out. 4 Wen e don bring
all en sheep kom out, e go-go dia front and di sheep go follow am, bikos
dem know en vois. 5 Dem nor go gri follow strenja, but dem go run from
dem, bikos dem nor know di strenja vois.” 6 Jesus tell dem dis parabol,
but dem nor undastand wetin e tok.
7 So Jesus kon tell dem again, “I dey tell una true word. Na mi bi di
door wey di sheep go must pass enter. 8 All di pipol wey kom before mi,
na big tif dem bi and di sheep nor go gri listin to dem. 9 Na mi bi di door,
anybody wey enter thru mi, God go save am. E go-go inside and out and
e go si betta grass chop. 10 Di tin wey tif dey do, na to tif, kill and distroy
pipol, but mi, I kom so dat pipol go get life, di kind life wey full well-well.
11 “Na mi bi di good shepad. Di good shepad ready to die for di sheep.
12 Di pesin wey dem hire nor bi di shepad and bikos nor bi en get di sheep,
e go run wen e si lion dey kom, so di lion go skata di sheep, kon kill di ones
wey e katch. 13 Bikos di pesin nor kare for di sheep, go run leave dem.
14 “Na mi bi di good shepad, I know di sheep wey bi my own and dem
know mi too. 15 Bikos my Papa know mi and I know am, naim make mi
ready to die for di sheep. 16 I get oda sheep wey nor dey here. I must gada
dem too and dem go listin to my vois, all of dem go dey togeda and na one
shepad go lead dem. 17 Na dis bi di rizin wey make my Papa like mi, bikos
I ready to sakrifice my life, so dat I go fit get di life back again. 18 Nobody
go fit take my life from mi, but na mi go put am down by mysef and I get
di pawa to take am back again. Dis na wetin God kommand mi to do.”
19 Anoda big kworel kon happen between di Jew pipol bikos of wetin
Jesus tok. 20 Many of dem kon dey sey, “Demon dey inside am and en
head nor korrect. Why una dey listin to am sef?”
21 Odas kon sey, “Di pesin wey get demon nor go fit tok like dis. No
demon fit make blind pesin si.”

### *Jesus Go Di Dedikashon Feast*

22 Di time for di Dedikashon Feast for Jerusalem kon rish. 23 Dat na
di time wey rain dey fall (and kold dey strong well-well) and Jesus kon
dey waka inside di varanda where Solomon for dey take breeze, wey dey
inside di temple yard. 24 Di Jew oga dem gada round Jesus, kon ask am,
“How long yu go make us dey wait? If na yu bi di Christ, make yu tell us.”

25 Jesus ansa dem, "I don tell una and una nor bilive. Di tin wey I take
my Papa name dey do, dey bear witness for mi. 26 But una nor bilive mi
bikos una nor bi my sheep. 27 My sheep dey hear my vois and I know dem
and dem dey follow mi. 28 I don give dem life wey nor dey end and dem
nor go ever die. Nobody go fit take dem komot from my hand. 29 My Papa
wey give dem to mi big pass evribody and nobody go fit take dem komot
from my Papa hand, 30 bikos mi and my Papa, na one."

31 Di Jew oga dem kon pick stone again, won kon stone am. 32 So Jesus
tell dem, "I don do many good tins wey una si from my Papa, wish one
make una won stone mi so?"

33 Di Jew oga dem ansa, "Wi nor won stone yu bikos of di good tins, but
na bikos yu wey bi ordinary pesin, dey make mout sey, yu bi God."

34 Jesus ask dem, "Una law nor tok sey, I sey, 'Una bi gods?' 35 If dem
koll di pipol wey God send en word go meet, sey, 'Dem bi gods' and God
word nor go ever shange, 36 Why una dey tell di pesin wey God choose for
ensef and wey E send kom dis world sey, Yu dey tok against God, bikos I
sey, 'I bi God Pikin?' 37 If I nor do di tins wey my Papa send mi, make una
nor bilive mi. 38 But if I dey do dem, even if una nor bilive mi, make una
bilive di tins wey I dey do, so dat una go know and undastand sey, I dey
inside my Papa and my Papa dey inside mi too." 39 So dem try again to
katch am, but e kon waka leave dem.

40 Jesus go back kon cross Jordan River, where John for baptize pipol and
e kon stay for der. 41 Many pipol kom meet Jesus for di place. Dem bigin
dey sey, "Even doh John nor do any mirakle, but evritin wey e tok about
Jesus, na true." 42 And many pipol for di place kon bilive Jesus.

# 11

### *Jesus Wake Lazarus*

1 E get one man, en name na Lazarus and e nor well. En with Mary and
Marta, en sistas kom from Betany. 2 Na dis Mary pour perfume for Jesus
leg, kon klean dem with en hair. 3 So di sistas kon send message go meet
Jesus sey, Oga God, yor friend wey yu love well-well nor well.

4 Wen Jesus hear di message, e kon sey, "Dis sickness nor go kill Lazarus.
E go make God and en pikin get honor." 5 (E klear sey Jesus love Marta,
Mary and Lazarus well-well.) 6 Afta e hear sey Lazarus nor well, e stay
where e dey for anoda two days.

7 Den e kon tell en disciples, "Make wi go back to Judea."

8 But en disciples ask am, "Tisha, nor bi di place where di Jew pipol won
for kill us yu sey make wi go again so?"

9 Jesus ansa, "Evriday get twelf hours wey lite dey take shine, so pipol
nor dey fear to waka, bikos dem dey si well-well, as e bi sey lite dey. 10 But
pesin wey waka for nite, go fit fall, bikos e nor get lite to si road."

11 Den Jesus tell dem, "Awa friend Lazarus dey sleep, but I won go wake
am up."

12 Di disciples sey, "Oga God, if e just dey sleep, den e go wake-up."
13 (Dem tink sey, wetin Jesus mean bi sey, Lazarus just dey sleep, but wetin
e mean bi sey, Lazarus don die.)

14 So e tell dem sey, "Lazarus don die. 15 I happy sey I nor dey der, so dat
una go get anoda shance to bilive mi. Make una kom make wi go si am."

16 So Tomas, (wey bi Twins) kon tell di oda disciple, “Make wi follow am
go, so dat wi go die with am.”

### *Jesus Tok With Marta And Mary*

17 Wen Jesus rish Betany, dem kon tell am sey e don rish for days wey
dem beri Lazarus. 18 (Betany na about two mile from Jerusalem, 19 and
from der, many Jew pipol kon salot Mary and Marta, bikos of dia broda
wey die.) 20 So wen Marta hear sey Jesus dey kom, e kon waka go meet
am, but Mary sidan for house.

21 Marta tell Jesus, “Oga God, if to sey yu dey here, my broda nor for die.
22 But I know sey, God go give yu anytin wey yu ask am.”

23 So Jesus tell am, “Yor broda go wake-up again.”

24 Den Marta sey, “I know sey e go wake-up again for di resureshon day.”

25 Jesus ansa am, “Na mi bi di resureshon and na mi dey give life.
Anybody wey bilive mi go get life even if e don die 26 and di pesin wey
bilive mi for dis life, nor go ever die. Marta, yu bilive wetin I tok so?”

27 Marta kon ansa, “Yes! Oga God, I bilive sey yu bi Christ, God Pikin,
wey kom dis world.”

28 Den Marta go meet Mary, en sista kon tok for en ear sey, “Di tisha dey
here and e won si yu.” 29 Wen Mary hear wetin e tok, e kon get up go meet
Jesus. 30 Jesus still dey outside di village wen Marta go meet am. 31 Wen
di pipol wey kom salot Mary si as e waka komot kwik-kwik, dem kon tink
sey na Lazarus grave e for dey go kry, so dem follow am.

32 Wen Mary si Jesus, e fall for en front kon sey, “Oga God, if to sey yu
dey here, my broda nor for die.”

33 Jesus kon si as Mary and di oda pipol dey kry. So e sorry for dem and
di tin pain am well-well. 34 E kon ask dem, “Where una beri am put?”

Den dem tell am, “Oga God, kom make wi show yu.”

35 Jesus kon kry.

36 Di pipol wey kom salot dem kon sey, “Jesus love dis man well-well
o-o.”

37 But some among dem sey, “Dis man wey make blind man si, e nor fit
do make Lazarus nor die?”

### *Jesus Wake Lazarus From Deat*

38 Jesus sorry for dem again, den e waka go di grave. (Dis grave na big
whole inside rock wey dem take big stone kover). 39 Jesus kon sey, “Make
una remove di stone.”

Marta wey bi Lazarus sista kon sey, “Oga God, by dis time e go don dey
smell, bikos e don rish for days wey dem beri am.”

40 Jesus tell am, “I nor tell yu before sey, ‘Yu go si God pawa, if yu bilive
mi?’ ”

41 So, dem kon roll di stone komot from di grave mout. Den Jesus look
heaven kon sey, “Papa, I tank Yu sey Yu dey always hear mi and dey do
di tins wey I ask from Yu. 42 I know sey Yu dey always hear mi, but I dey
tok like dis, bikos of di pipol wey stand here naw, so dat dem go bilive sey
na Yu send mi.”

43 Wen e don tok dis finish, e kon shaut, “Lazarus, kom out!” 44 Den
Lazarus kom out, but di klot wey dem take beri am still kover en body.

So, Jesus tell dem, “Make una luz di klot komot for en body, make e dey
go.”

### *Jew Pipol Dey Vex*

[45] Den many pipol among di Jew pipol wey follow Mary go di grave
bilive Jesus, wen dem si wetin happen. [46] But some among dem go meet
di Farisee pipol kon tell dem wetin Jesus do. [47] Den di priest oga dem and
Farisee pipol kon koll di kansol memba dem togeda, ask dem, “Wetin wi
go do, since dis man dey do plenty mirakles? [48] If wi let am kontinue like
dis, evribody go bilive am and di Roman govnor go kom take di place wey
wi dey woship and awa kountry.”

[49] Den won among dem wey en name bi Kaiafas, wey bi di High Priest
dat year kon sey, “Una bi fool wey nor undastand wetin dey happen.
[50] Una nor know sey e betta make one man die for evribody, dan sey
make evribody for dis kountry die?”

[51] (Dis man tok like dis, bikos naim bi di High Priest dat year. E tok true
sey, Jesus go die for di whole Jew pipol, but e nor know wetin e tok, [52] and
nor bi for only di Jew pipol, but make all God shidren, wey dey di world
for gada togeda.) [53] So from dat day, dem kon dey plan to kill Jesus.

[54] Bikos of dis, Jesus nor kon dey waka for Judea as e dey do before, but
en and en disciples kon go stay for di town wey dem dey koll Efraim, wey
near wildaness.

[55] Wen Passova Feast don near, many pipol for di kountry go Jerusalem,
kon dey make demsef klean for di feast, as dia tradishon tok. [56] Dem bigin
dey look for Jesus kon dey ask each oda inside di temple yard, “Wetin yu
tink, e go kom for di feast?” Abi yu nor tink so? [57] (By dis time, di priest
oga dem and di Farisee pipol don give orda sey, anybody wey know where
Jesus dey, make e kon tok, so dat dem go-go katch am).

# 12

### *Mary Pour Oil For Jesus Leg*

[1] Six days before Passova Feast rish, Jesus go Betany, where Lazarus, di
pesin wey e wake-up from deat, dey stay. [2] So dem kon do party for Jesus
dat evening. Marta kon dey serve dem food and Lazarus dey among di
pipol wey sidan for tabol with Jesus. [3] Mary take perfume wey dear well-
well, wey plenty rish kwota gallon kon pour am for Jesus two leg. Den
e use en hair take klean dem. (Di perfume send kon full evriwhere for
inside di house).

[4] But Judas Iskariot, one among Jesus disciple (di pesin wey go sell am
give en enemies) kon sey, [5] “Why wi nor sell dis perfume for three hundred
koins (money wey pass wetin workers go get for one year) kon give di
money to poor pipol?” [6] (Judas tok like dis, nor bi sey e kare for poor
pipol, but bikos na tif e bi. As e bi sey naim dey keep di money, e dey tif
from am.)

[7] Den Jesus ansa, “Make yu nor trobol di woman, e do dis tin dey wait
di day wen dem go beri mi. [8] Poor pipol go always dey with una, but I nor
go dey with una all di time.”

[9] For dis time, plenty pipol wey dey Judea hear sey Jesus dey for dia town,
so dem kon gada, nor bi bikos of Jesus alone, but dem won si Lazarus too,
di pesin wey die before, wey Jesus wake-up. [10] Di priest oga dem kon plan
to kill Lazarus too, [11] bikos naim make plenty Jew pipol for Jerusalem,
bilive Jesus.

### *Jesus Enter Jerusalem*

12 Wen day break, plenty pipol wey kom di Feast kon hear sey Jesus dey
kom Jerusalem. 13 Di pipol take palm tree leaf go wait am for road. Dem
kon bigin shaut,
"Hosanna, make God bless di pesin wey E send kom meet us.
Make God bless Israel king!"
14 Jesus si one small donkey and e kon sidan put, just as God word sey,
15 "Pipol wey dey Zion,
make una nor fear;
make una si una king sidan on-top donkey dey kom!"
16 (En disciples nor undastand dis tins wey dey happen, until wen Jesus
don wake-up from grave, naim dem kon remember wetin God word sey
go happen.)
17 So di pipol wey dey with am wen e wake Lazarus from grave kon tell
odas about am. 18 And dem gada go meet Jesus, bikos dem hear sey na-im
wake Lazarus from grave. 19 Den di Farisee pipol kon tell each oda, "Una
dey si sey wetin wi dey do so nor get head! Si o-o, evribody don bigin
follow am."

### *Some Greek Pipol Kon Meet Jesus*

20 Some Greek pipol go woship God for di feast for Jerusalem. 21 Dem
meet Filip wey kom from Betsaida for Galilee kon tell am, "Oga God, wi
go like to si Jesus." 22 Filip tell Andru, den dem kon go tell Jesus.
23 Jesus tell dem, "Di time don kom wen God go honor en own pikin. 24 I
tell una true word, if one korn seed fall for groun and e nor die, e nor go
grow, but if e die, e go grow kon bear plenty seed. 25 Anybody wey love
en life for dis world, go luz am, but di pesin wey nor love en life for dis
world, go get life wey nor dey end. 26 Anybody wey ready to serve mi, go
must follow mi and where I dey, na der my savant go dey too. Anybody
wey serve mi, my Papa go honor am.
27 "My heart heavy well-well. Wetin I go tok? 'Papa, make yu save mi
from dis tin wey won happen'? No! Na dis tin make mi kom dis world.
28 Papa, make yu honor yor name."

Den one vois tok from heaven sey, "I don honor am before and I go
honor am again." 29 Wen di pipol wey dey di place hear di vois, some kon
sey, "Di vois sound like tonda", but odas sey, "Na angel dey tok to am."
30 Jesus kon sey, "Dis vois nor tok bikos of mi, but na bikos of una. 31 Di
time to judge di pipol for dis world don rish and God go drive Satan, wey
dey kontrol dis world komot. 32 But as for mi, if una karry mi go up for
cross, I go draw evribody kom meet mi." 33 (E tok like dis, make pipol for
know di way e go take die).
34 Den di pipol ask, "Wi know sey God law sey, 'Christ go live forever.'
Why yu kon dey tok sey dem go karry Man Pikin put for cross? Na who
bi dis Man Pikin sef?"
35 Jesus ansa dem, "My lite nor go dey with una tey. Naw wen di lite
dey, make una take am waka, so dat darkness nor go kover una. Bikos di
pesin wey dey waka for darkness, nor dey si where e dey go. 36 As una get
di lite naw, make una bilive am, so dat una go bi lite shidren." Wen Jesus
don tok dis tin finish, e kon komot der go hide.

### *Why Pipol Nor Agri Bilive Jesus*

37 Aldo Jesus don do many mirakle for dia front, dem nor still bilive am.
38 Dis make wetin Profet Isaya tok happen, wen e sey,
"Oga God, wish pipol don bilive wetin wi tok
and who God don show en pawa?"
39 As di pipol nor fit bilive, naim make Profet Isaya tok anoda word sey,
40 "God don blind dia eye
and make dia heart strong like stone,
so dat dem nor go si with dia eye and undastand with dia heart,
so dem nor go fit kom meet mi,
make I for heal dem."
41 Profet Isaya tok dis tins, bikos e si how God honor and tok about Christ.
42 Many pipol and many Jew oga kon bilive Jesus, but bikos of di Farisee
pipol, doz wey bilive nor fit tok for publik about Jesus Christ, so dat dem
nor go drive dem komot for di sinagog. 43 Bikos Jew pipol like make pipol
dey praiz dem pass wetin God tink about dem.

### *Di Last Tin Wey Jesus Tok For Publik*

44 Jesus kon shaut sey, "Di pesin wey bilive mi, nor bi mi e bilive, but na
my Papa wey send mi. 45 And di pesin wey si mi, don si God wey send mi.
46 I kom as lite for dis world, so dat anybody wey go bilive mi nor go waka
inside darkness.
47 "Anybody wey hear wetin I tok and nor obey am, nor bi mi go judge
am, bikos I nor kom judge di world, but I kom save pipol for di world.
48 Anybody wey rijet mi and nor do wetin I tok, God go use dis my word
judge am for di last day. 49 Bikos nor bi my pawa I take dey tok, but na my
Papa wey send mi dey tell mi wetin I dey tok. 50 I know sey anytin wey
God kommand, dey give life wey nor dey end, so I dey tok wetin E send
mi."

# 13

### *Jesus Wosh En Disciples Leg*

1 Before dem do di Passova Feast, Jesus know sey en time don rish wen
e go komot for dis world go meet en Papa. Bikos e love di pipol wey dey
di world, e kon show dem how en love for dem strong rish.
2 Before dem start to chop evening food, devil don already enter Judas
Iskariot mind, wey bi Simon pikin sey, make e sell Jesus give en enemy.
3 Bikos Jesus know sey en Papa don gi-am pawa to kontrol evritin and as
e bi sey e kom from God and e dey go back go meet am, 4 e kon stand up
for where dem dey chop, remove en big koat kon tie towel for en waist.
5 E pour wota for basin, bigin dey wosh en disciples leg and dey dry dem
with di towel wey dey en waist.
6 Wen e rish Simon Pita turn, Pita kon tell am, "Oga God, yu won wosh
my leg?"
7 Jesus ansa, "Yu nor go fit undastand wetin I dey do naw, but yu go
undastand am leta."
8 Pita tell am, "I nor go gri make yu wosh my leg!"
Den Jesus ansa, "If I nor wosh yor leg, mi and yu nor go get anytin togeda
again."
9 So Simon Pita tell am, "Oga God, make yu nor wosh only my leg, but
make yu wosh my hand and head too!"

10 Jesus ansa, "Di pesin wey don baf, only nid to wosh en leg, bikos e
don dey klean. Una dey klean, but nor bi all of una." 11 (Bikos Jesus know
di pesin wey go sell am, naim make am sey, "Nor bi all of una dey klean.")
12 So wen Jesus don wosh dia leg finish, e kon wear en big koat back.
Den e go sidan for di tabol kon ask dem, "Una undastand wetin I do for
una so? 13 Una dey koll mi 'Tisha' and 'Oga God', una korrect, bikos na
so I bi. 14 So, if mi wey bi una oga and tisha, wosh una leg, e good make
una wosh each oda leg too. 15 I don give una ezample wey una go follow.
So make una do for each oda as I don do for una. 16 Make I tell una true
word, savant nor dey big pass en oga, just as di pesin wey bi messenja nor
dey big pass di oga wey send am. 17 Since una know wetin I dey tok, God
go bless una, if una do dem.

### *Jesus Tok Who Go Sell Am*

18 "Wetin I dey tok so nor koncern all of una, bikos I know di pipol wey I
choose. Dis show sey God word na true sey, 'Di pesin wey follow mi chop
don turn to my enemy.'
19 "I don tell una before e go happen, so dat wen e happen, una go bilive
sey na mi bi Christ. 20 I dey tell una true word, anybody wey receive di
pesin wey I send, don receive mi and anybody wey receive mi, don receive
God wey send mi kom."
21 Wen e don tok dis tin finish, en heart kon heavy well-well, den e sey,
"I dey tell una true word, one of una go sell mi give my enemy."
22 Di disciples look each oda kon dey worry and tink for dia mind sey,
"Wish pesin e dey tok about?" 23 John, di disciple wey Jesus love well-well,
sidan for en rite hand wen dem dey chop. 24 So, Simon Pita kon use eye
tell am sey make e ask Jesus wish pesin e dey tok about.
25 Den John bend en head near Jesus chest kon ask am, "Oga God, who
yu dey tok about?"
26 Jesus ansa, "Na di pesin wey I go give dis bread afta I don shuk am
inside di pot." Den e shuk di bread inside di pot kon gi-am to Judas Iskariot,
wey bi Simon pikin. 27 Afta Judas take di bread, devil enter en mind.
Jesus kon tell am, "Di tin wey yu won do, make yu go do am kwik-kwik."
28 (No one among dem wey sidan for di tabol undastand why Jesus tok to
Judas like dat. 29 Some of dem tink sey, since na Judas dey keep di money,
Jesus tell am sey make e go buy wetin dem go use for di feast or make e
give poor pipol money).

### *Jesus Sey Pita Go Deny Am*

30 Wen Judas don take di bread, e hurry komot for di place. (By dis time,
day don dark.) 31 Wen e don komot, Jesus kon sey, "Naw, di time don rish
wen God go honor en pikin and en pikin go honor am too. 32 Wen di pikin
don honor God, God go honor am too.
33 "My shidren, na small time remain wey I go dey with una. Leta, una
go dey find mi and as I tell di Jew oga dem before sey, 'Where I dey go una
nor go fit kom der', na di same word I dey tell una naw.
34 "I dey give una new kommand: Una must love each oda, as I love una,
35 so dat evribody go know sey, una bi my disciples if una love each oda."
36 Simon Pita kon tell am, "Oga God, where yu dey go?"
Jesus ansa, "Una nor go fit follow mi go di place wey I dey go naw, but
una go kom meet mi for der leta."

37 Pita ask am, “Oga God, why wi nor go fit follow yu naw? I ready to
die bikos of yu!”
38 Jesus ansa am, “Yu really ready to die for mi? Make I tell yu true
word, before fawol go do ‘Kukuruku’ dis nite, yu go tok three times sey,
yu nor know mi.”

# 14

*Di Last Tin Wey Jesus Tell En Disciples*

1 “Make una nor let anytin worry una mind. Since una bilive God, make
una still bilive mi. 2 Many rooms dey for my Papa house and I dey go
prepare place for una to stay, if nor bi so, I for tell una. 3 Wen I don finish,
I go kom take una, so dat una go stay with mi for where I dey. 4 And una
go know di place wey I dey go and how una go take rish der.”
5 Tomas ask am, “Oga God, wi nor know where yu dey go, how wi go
take know road?”
6 Jesus ansa am, “Na mi bi di road, di trut and life. Nobody go fit go
meet my Papa, unless e pass thru mi. 7 But since una don know mi, una
go know my Papa too. Naw wey una don know am, una don si am.”
8 Filip kon sey, “Oga God, show us yor Papa and wi go dey okay.”
9 Jesus ansa am, “So Filip, I don dey with una all dis time and yu still nor
know mi? Di pesin wey don si mi, don si my Papa! Why yu kon dey sey,
‘Show us yor Papa?’ 10 Yu nor bilive sey mi and my Papa na di same? As
E dey inside mi, na so I dey inside am. Di word wey I dey tell una so, I nor
dey tok am with my own pawa, but na my Papa wey dey inside mi, dey do
all dis mirakle thru mi. 11 Make una bilive sey I dey inside my Papa and
my Papa dey inside mi, but if una nor fit bilive mi, make una bilive bikos
of di mirakles wey I dey do. 12 I tell una true word, di pesin wey bilive mi,
go do di kind mirakle wey I dey do and e go even do di ones wey big pass
dem, bikos I dey go meet my Papa. 13 And anytin wey una use my name
ask, I go do am, so dat pipol go honor di Papa bikos of en pikin. 14 If una
ask anytin with my name, I go do am for una.

*Di Holy Spirit*

15 “If una love mi, una go do wetin I tok. 16 Den I go ask my Papa and E
go send una anoda Pesin wey go help and stay with una forever. 17 Naim
bi di Spirit wey dey tok trut, wey pipol for dis world nor go fit receive,
bikos dem nor fit si am or know am, but una know am, bikos e dey stay
inside una. 18 I nor go leave una like pikin wey nor get papa and mama,
bikos I go kom meet una again. 19 Afta sometaim, di pipol for dis world
nor go si mi, but una go si mi and bikos I dey alive, una go dey alive too.
20 Dat time, una go know sey I dey inside my Papa and una dey inside mi,
as I dey inside una. 21 Anybody wey hear and do wetin I tok, love mi. Di
pesin wey love mi, mi and my Papa go love am too and I go show am who
I bi.”
22 Judas (dis nor bi Judas Iskariot) kon sey, “Oga God, why yu won show
yorsef give us and yu nor won show oda pipol for di world?”
23 Jesus ansa am, “Anybody wey love mi, go do wetin I tok and my Papa
go love am, den wi go kon meet and stay with am. 24 Di pesin wey nor
love mi, nor go do wetin I tok. Wetin una dey hear so nor bi my word, but
na my Papa own.

25 “I don dey tell una all dis tins since I dey with una. 26 But di pesin wey
go help una na di Holy Spirit, wey my Papa go send kom for my name. E
go tish una evritin and e go help una remember evritin wey I don tell una.
27 Make una mind rest, bikos na my peace I give una. My peace difren
from di one wey di world dey give. Make una nor fear or allow anytin
worry una mind.

28 “Una remember wen I tell una sey, ‘I dey komot and I go kom back kon
meet una?’ If una love mi, una go happy wen I tok sey, ‘I dey go meet my
Papa’, bikos my Papa big pass mi. 29 I don tell una naw before e happen,
so dat wen e happen, una go bilive mi. 30 I nor go tok too mush naw, bikos
di devil wey dey rule dis world, dey kom and e nor get pawa for my body.
31 Since I dey do wetin my Papa tell mi, di world go know sey I love my
Papa.

“So make una get up make wi dey go.

# 15

### *Di Vine And En Branches*

1 “Na mi bi di korrect vine and na my Papa bi di gardina. 2 E dey kut
evry branches wey nor dey bear fruit for my body komot and e dey ripair
evry branch for my body wey dey bear fruit, so dat e go bear more fruit.
3 Una dey klean already, bikos of di word wey I tell una. 4 Make una dey
inside mi, so dat I go dey inside una too. As di branches nor fit bear fruit
with en own pawa unless e dey inside di vine, na so una nor go fit bear
fruit, unless una dey inside mi.

5 “Na mi bi di vine and na una bi di branches dem. Di pesin wey stay
inside mi and I stay inside am, go bear plenty fruit, bikos without mi, una
nor go fit do anytin. 6 Anybody wey nor stay inside mi, go dry and pipol go
gada en branches dem, trow and burn dem inside fire. 7 If una stay inside
mi and my word dey inside una, anytin wey una ask, I go do am for una.
8 My Papa go get big honor if una bear plenty fruit, wey go show sey una
bi my disciples.

9 “As my Papa love mi, na so I love una too, so make una live di kind life
wey go let mi fit love una more-more. 10 If una do wetin I tok, I go love
una, just as I dey obey wetin my Papa tok and E love mi. 11 I don tell una
all dis tins, so dat my joy go dey inside una and una joy go full well-well.
12 Dis na di kommand wey I give una sey, ‘Make una love each oda di way
I love una.’ 13 E nor get love wey big rish di one wey make pesin die for
en friend. 14 Una go bi my friend if una do wetin I tok. 15 I nor go koll una
savant again, bikos savant nor dey undastand wetin en oga dey do, but I
dey koll una my friend, bikos I don show una evritin wey I hear from my
Papa. 16 Nor bi una choose mi, but na mi choose una. Bikos of dat, I don
give una pawa to bear fruit wey go last, so dat my papa go give una anytin
wey una ask am for my name. 17 Wetin I dey tell una bi sey, ‘Make una
love each oda.’ ”

### *Pipol Hate Jesus And En Disciples*

18 “If pipol for dis world hate una, make una remember sey na mi dem
first hate. 19 If una bi friend with di pipol for dis world, dem go love una
as dia own pipol. But una nor bi dia friend, bikos I don choose una from
di world, naim make dem nor like una. 20 Make una remember wetin I

tell una, 'Savant nor dey big pass en oga.' If dem sofa mi, den dem go sofa
una too. If to sey dem obey my word, dem go obey una own too. [21] Since
dem nor know di Pesin wey send mi kom, dem go do all dis tins to una
bikos of my name. [22] If to sey I nor kom tok to dem, dem for nor dey guilty
for dia sin. But naw, dem nor get any eskuse for dia sin. [23] Di pesin wey
hate mi, hate my Papa too. [24] If to sey dem nor si di mirakle wey I do, wey
nobody don do before, dem for nor dey guilty for dia sin. But afta dem
don si di mirakles, dem still hate mi and my Papa. [25] All dis tins happen,
so dat wetin God law tok, go bi true sey, 'Dem nor get rizin to take hate
mi.'

[26] "But wen di true Spirit wey I go send from my Papa to help una don
kom, e go tok about mi. [27] And unasef go tok about mi, bikos una dey with
mi from di biginnin."

# 16

### *Jesus Promise To Send Di Holy Spirit*

[1] "I dey tell una all dis tins, so dat nobody go fit deceive una. [2] Dem go
drive una komot for di sinagog and di time dey kom wen di pesin wey go
kill una, go tink sey e dey do God work. [3] Dem go do all dis tins, bikos dem
nor know mi and my Papa. [4] But I tell una all dis tins, so dat wen di time
rish, una go remember sey I tell una about dem before. I just dey tell una
all dis tins, bikos I dey with una since.

[5] "Naw, I dey go meet di Pesin wey send mi kom, but una dey ask mi,
'Where yu dey go?' [6] But una nor happy as I dey tell una all dis tins. [7] I
tell una true word, na for una own good naim make mi won go, bikos if
I nor go, di Pesin wey go help una nor go kom, but if I go, I go send am
kom meet una. [8] Wen e kom, e go show pipol for dis world wetin sin, God
raitiousness and God judgement, bi. [9] Di Spirit go show dem sey dem dey
wrong about sin, bikos dem nor bilive mi. [10] Dem dey wrong about God
raitiousness, bikos I dey go meet my Papa and dem nor go si mi again.
[11] And dem dey wrong about judgement, bikos God don kondemn di pesin
wey dey rule dis world.

[12] "I get plenty tins wey I won tell una, but una nor go fit bear dem naw.
[13] But wen God Spirit kom, e go show una di trut. E nor go tok wetin dey
en mind, but e go tok wetin e hear from God and wetin go happen afta I
don go. [14] E go dey give mi glory wen e dey tell una di tins wey e dey hear
from mi. [15] Evritin wey my Papa get, na my own, naim make mi tok sey
di Spirit go tell una wetin e dey hear from mi.

[16] "Time go soon kom wen una nor go si mi, but afta sometaim, una go
si mi."

[17] Den some among di disciple kon dey ask each oda, "Wetin e mean
wen e sey, 'Time go soon kom wen una nor go si mi, but afta sometaim,
una go si mi bikos I dey go meet my Papa?' "

[18] Some still sey, "Wetin e get for mind wen e sey, 'Time go soon kom?'
Wi nor undastand wetin e dey tok."

[19] Jesus si sey dem won ask am about wetin e tell dem, naim e ask dem,
"Una dey ask each oda wetin I mean wen I sey, 'Time go soon kom wen
una nor go si mi, but afta sometaim, una go si mi?' [20] I tell una true word,

una go kry and mourn, but di world go dey happy; una go dey sad well-
well, but una sadnes go turn to happiness. 21 Wen woman won born pikin,
e dey sofa strong pain, bikos en time to born don rish, but wen e don born,
e go happy and e nor go remember di pain again, bikos e go si sey e don
born pikin. 22 Na so e bi for una naw, bikos una heart dey heavy, but I go
si una again and for dat time, una go dey happy and nobody go fit take di
happiness from una. 23 By dat time, una nor go ask mi anytin again. I tell
una true word sey, anytin wey una ask my Papa with my name, E go give
una. 24 Before naw, una neva take my name ask for anytin. Naw make
una use my name ask for anytin wey una wont and una go get am, so dat
una joy go full well-well.

25 "Since I dey use parabol tok to una; but di time dey kom wen I nor go
use parabol again, but I go tell una about my Papa for di way wey una go
undastand. 26 By dat time, una go fit ask anytin with my name and God
go do am for una. 27 My Papa love una, bikos una love mi and bilive sey
na-im send mi. 28 Na my Papa send mi kom dis world, but naw, I dey go
back go meet am."

29 En disciples kon sey, "Yu si, na naw yu dey tok for di way wey wi
undastand and nor bi with parabol. 30 Naw wi know sey yu know evritin
and yu nor nid anybody to ask yu any kweshon. Bikos of dis, wi bilive sey
na God send yu kom."

31 Jesus kon tell dem, "So una don bilive naw? 32 Look, di time dey kom
and e don even rish, wen una go skata and evribody go-go en own way
and I go stay alone. But I nor dey alone, bikos my Papa dey with mi.

33 "I don tell una all dis tins, so dat my peace go stay with una. Wahala
full inside di world and sofa dey too, but make una heart dey strong, bikos
I don already win di world."

# 17

### *Jesus Pray Make God Honor Am*

1 Wen Jesus don tok all dis tins finish, e look heaven kon sey,

"My Papa, di time don kom wen yu go give glory to yor pikin, so dat
yor pikin go give yu glory too. 2 Just as yu don give mi pawa ova all di
pipol for di world, na so too I go give life wey nor dey end to evribody
wey yu give mi. 3 Life wey nor dey end, dis na wetin e mean, 'Na make
pipol know yu wey bi di only true God and Jesus Christ, wey yu send.'
4 I don give yu glory for dis world and I don finish di work wey yu send
mi. 5 And naw, Papa honor mi, make yu draw mi near yu, just as wi dey
before di world start.

### *Jesus Pray For En Disciples*

6 I don make di pipol wey yu give mi for dis world know yor name.
Na yor own dem bi before yu give dem to mi and dem don obey yor
word. 7 Naw, dem don know sey evritin wey yu give mi kom from yu,
8 bikos I don tell dem di message wey yu give mi. Dem don asept wetin
I tell dem and dem know and bilive sey na yu send mi. 9 I dey pray for
di pipol wey yu give mi, bikos dem bi yor own, but I nor dey pray for di
oda pipol wey dey inside di world. 10 Evritin wey I get, na yor own and
evritin wey yu get, na my own and dem don honor mi. 11 I nor go dey
di world again, but dem go still dey inside di world, since I won kom

meet yu. Holy Papa, make yor name protet di pipol wey yu give mi, so
dat dem go bi one, just as mi and yu na one. [12] Wen I dey with dem, I
keep dem with yor name. No one lost, escept di one wey yor word sey
e go perish.
[13] Since I dey kom meet yu, I dey tok all dis tins for di world, so dat
dia joy go full well-well. [14] I don give dem yor word and bikos of dat,
di pipol for world hate dem, since dem nor bilong to di world, as misef
nor bilong to di world. [15] I nor sey make yu remove dem from di world,
but make yu protet dem from di devil. [16] Dem nor bilong to di world,
just as misef nor bilong to di world. [17] Make yu protet dem with di trut,
bikos na yor word bi di trut. [18] Just as yu send mi kom inside dis world,
na so too I send dem go inside di world. [19] I don separate mysef from di
world for dia sake, so dat dem go fit separate diasef from di world too.

*Jesus Pray For Pipol Wey Go Bilive*

[20] I nor dey pray for dem alone, but I also dey pray for oda pipol wey
go bilive mi thru di word wey dem go tok about mi. [21] Papa, I dey pray,
so dat all of dem go get one mind, just as mi and yu bi one. I still dey
pray make dem dey with us, so dat di world go bilive sey na yu send mi.
[22] I don give dem di honor wey yu give mi, so dat dem go bi one just as
wi bi one: [23] I dey with dem and yu dey with mi, so dat dem go really
bi one, just as wi bi one and di world go know sey na yu send mi and
yu love dem, as yu love mi.
[24] Papa, I wont make di pipol wey yu give mi stay with mi for where
I dey, so dat dem go si di glory wey yu give mi, bikos yu love mi before
yu kreate di world.
[25] Holy Papa, even if di pipol for di world nor know yu, I know yu and
dis ones know sey na yu send mi. [26] I don help dem know yor name and
I go dey try to make oda pipol know am too, so dat di love wey yu get
for mi, go dey with dem, as I dey with dem."

# 18

*Judas Sell Jesus*

[1] Afta e don tok finish, Jesus and en disciples komot cross go Kidron
Valley kon enter one big farm.
[2] (Judas, wey sell Jesus, know di place, bikos Jesus don go der with en
disciples many times). [3] So Judas kon escort many soja, some Temple polise
and Farisee pipol enter di farm. Dem whole lamp, tosh and some whole
swod and stik for hand.
[4] Bikos Jesus know evritin wey go happen to am, e kon ask dem, "Who
una dey find?"
[5] Dem ansa am, "Na Jesus wey kom from Nazaret."
E kon tell dem, "Na mi bi di pesin." (Judas wey sell am, stand der with
dem). [6] So wen Jesus don tell dem sey, "Na mi bi di pesin", dem dress go
back kon fall for groun.
[7] Den Jesus ask dem again, "Who una sey una dey find?"
Dem ansa, "Na Jesus wey kom from Nazaret." [8] Jesus kon sey, "I don tell
una sey na mi bi di pesin. Since na mi una dey find, make una allow dis
men go." [9] (E tok dis word make e bi sey wetin dem rite for God word na
true, "I nor lost anybody among di sheep wey yu give mi.")

10 Den Simon Pita bring en swod out kon kut di High Priest savant rite
ear komot. (Di savant name na Malkus).
11 Jesus kon tell Pita, "Make yu put yor swod back for where e dey before!
Yu nor know sey I go drink from di sofa cup wey my Papa give mi?"
12 Den di sojas with dia oga and di Jew oga dem take Jesus kon tie am
with rope. 13 Dem take am go meet Annas, Kaiafas fada-in-law, wey bi di
High Priest for dat year. 14 (Dis na di Kaiafas wey advise di Jew oga dem
sey, "E good make one man die for evribody").

### *Di First Time Wey Pita Deny Jesus*

15 Simon Pita with anoda disciple kon follow dem as dem dey take Jesus
go meet Annas. (Di oda disciples know di High Priest well-well, so e follow
Jesus enter inside di High Priest kompond). 16 But Simon Pita stand outside
di kompond near di door. Den di oda disciple wey know di High Priest kom
out kon tok to di savant girl wey dey guide di gate and e kon allow Pita
enter inside.
17 Di girl wey dey di gate kon ask Pita, "Yu nor bi one of dis man
disciple?"
At wons, Pita ansa, "I nor bi one of dem."
18 For dis time, all di savant and guards gada round shako fire wey dem
make to warm demsef, bikos kold strong well-well. Pita follow dem stand
der dey warm ensef too.

### *Annas Ask Jesus Kweshon*

19 As dem dey der, di High Priest bigin dey ask Jesus kweshon about en
disciples and wetin e tish.
20 Jesus kon ansa am, "Na for publik I tok wetin I tish. Na inside sinagog
and Temple where all di Jew pipol dey gada, na der I for dey tish. I nor
tok anytin for sekret. 21 Why yu dey ask mi? Make yu ask di pipol wey
hear mi. Dem know wetin I tok."
22 Afta Jesus don tok finish, one of di High Priest savant, wey stand near
am slap am for face kon ask am, "Na di High Priest yu dey tok to like dis?"
23 Den Jesus sey, "If wetin I tok nor korrect, make yu tell mi, but if e
korrect, why yu slap mi?" 24 Den Annas kon send am as dem still tie am
with rope, go meet Kaiafas, wey bi di High Priest.

### *Pita Deny Jesus Again*

25 As Simon Pita stand for inside di kompond dey warm ensef, dem kon
ask am, "Yu too nor bi one of en disciple?"
Pita deny sey, "I nor dey among dem."
26 One High Priest savant, wey bi di same family with di man wey Pita
take swod kut en ear kon sey, "I nor si yu with am for inside di farm?"
27 Pita deny again for dia front and fawol kon do "Kukuruku."

### *Jesus Stand For Pilate Front*

28 Den, dem take Jesus komot from Kaiafas place go di Roman Govnor
palis. (By dis time, morning don rish). Dem nor gri enter inside di govnor
house, make dem nor for dirty as dia tradishon tok, so dat dem go fit
chop di Passova food. 29 So Pilate kom meet dem for outside kon ask dem,
"Wetin una sey dis man do?"
30 Dem ansa, "If to sey dis man nor bi criminal, wi nor for bring am kom
meet yu."

31 Den Pilate tell dem, “Make una go judge am as una law tok.”
Di Jew oga dem kon sey, “Awa law nor give us pawa to kill anybody.”
32 (Dis tin happen to show sey wetin Jesus tok about how e go die, na true).

### *Pilate Ask Jesus Kweshon*

33 So Pilate go inside en house for di palis, kon koll Jesus ask am, “Na yu
bi di Jew pipol king?”
34 Jesus ansa am, “Na from yor mind yu ask dis kweshon, abi pipol don
tell yu about mi?”
35 Pilate kon sey, “Yu know sey I nor bi Jew, abi? Na yor pipol and priest
oga dem bring yu kom meet mi. Wetin yu do sef?”
36 Jesus ansa, “My kingdom nor dey dis world. If to sey my kingdom dey
dis world, my savants for fight make I nor kom meet di Jew oga dem. But
as e bi so, my kingdom nor dey here.”
37 Den Pilate ask am, “So yu bi king?”
Jesus ansa, “Na yu tok so and yu dey korrect sey, I bi king. Na dis make
dem born mi and naim make mi kom dis world kon tok di trut. Anybody
wey wont hear di trut, go listin to wetin I dey tok.”
38 Pilate still ask am, “Wetin bi di trut?” Den e go outside again go meet
di Jew oga dem kon tell dem, “I nor si any bad tin wey dis man do o-o.
39 But as una custom sey make I free one prisona for una for Passova, una
wont make I free Jesus, wey bi di Jew king?”
40 Den, dem kon dey shaut, “Wi nor wont dat man, na Barabas wi wont
and na criminal dis Barabas bi.”

## 19

### *Pilate Try To Free Jesus*

1 Den Pilate kon sey make dem flog Jesus with koboko. 2 Den di sojas go
kut tree branches wey get shuku-shuku make crown put for en head and
dem kon wear am klot wey dear well-well. 3 Dem kon dey laf am, dey take
am make yeye, dey sey, “Make una kon si di Jew pipol king.” Dem slap am
for face many times.
4 Pilate kom out again kon tell di Jew oga dem sey, “I won bring am kom
out for una, to let una know sey I nor si anytin bad wey e do.” 5 So Jesus
kom outside, with di shuku-shuku crown for en head and di fine klot wey
dem gi-am wear. Den Pilate kon sey, “Na di man bi dis!”
6 Wen di priest oga dem and di temple polish dem si am, dem kon dey
shaut, “Nail am for cross! Nail am for cross!”
Den Pilate sey, “Make only una go nail am. But as for mi, I nor si any
bad tin wey e do.”
7 Di Jew oga dem ansa, “Wi get law and di law sey, e suppose to die,
bikos e sey en na God Pikin.”
8 Wen Pilate hear wetin dem tok, fear kon katch am well-well. 9 So e
enter di house back kon ask Jesus, “Na where yu from kom sef?” But
Jesus nor ansa am. 10 So Pilate kon sey, “Yu nor won tok to mi? Yu nor
know sey I get pawa to free or kill yu?”
11 Jesus ansa, “Yu nor get pawa at-all for my life, escept God gi-am to yu.
So, na di pipol wey bring mi kom meet yu, na dia sin big pass yor own.”
12 From dat time, Pilate kon bigin find way to free Jesus, but di Jew oga
dem kon dey shaut, “If yu free dis man, yu nor bi Caesar friend. Anybody
wey sey en bi king, na Caesar enemy e bi.”

13 Wen Pilate hear wetin dem tok, e bring Jesus kom out kon sidan for
di chair for where e dey judge kase, (dem dey koll di chair, "Di Stone
Pavement", but na Gabbata dem dey koll am for Aramaik language.) 14 (Dat
time na aftanoon for di day wen dem dey prepare for Passova Feast).

So, Pilate kon tell di Jew oga dem, "Make una look, na una king bi dis!"
15 Den, dem kon bigin dey shaut, "Kill-am trowey! Kill-am trowey! Make
yu kill-am!"

Pilate kon ask dem, "Una wont make I nail una king for cross?"

Di High Priest dem kon sey, "Di only king wey wi get na Caesar."

16 So Pilate kon gi-am to dem make dem go kill-am. Den dem kon take
Jesus komot for der.

### *Jew Pipol Kill Jesus*

17 As Jesus karry en cross dey go, e kon rish di place wey dem dey koll
"Di Skull" (na Golgota dem dey koll di place for Aramaik language.) 18 For
der, dem kon nail Jesus for cross. Dem still nail two oda pipol for cross,
one for en rite and di oda for en left.

19 Pilate kon rite for sign-board wey dem nail on-top Jesus cross, wey sey,
"DIS NA JESUS WEY KOM FROM NAZARET, WEY BI DI JEW PIPOL KING." 20 Since
di place where dem kill Jesus near town, many of di Jew pipol wey dey for
Jerusalem kom read di sign-board, bikos dem rite am for three language
wey bi Aramaik, Latin and Greek. 21 Den di shief priests kon tell Pilate,
"Make yu nor rite sey, dis na Jew pipol king, but rite sey, dis man sey, 'I bi
Jew pipol king.' "

22 But Pilate ansa dem, "Wetin I don rite finish, na so e go bi." 23 Wen
di sojas don nail Jesus for cross, dem tear en klot and dem for kon divide
am. But dem leave di fine koat (bikos e nor get where dem join am, since
dem weave-am from top go rish bottom).

24 So di sojas tell each oda sey, "Make wi nor tear am, but make wi
gambol to si who go take am."

Dis tin happen to show sey, wetin dem rite for God word na true sey,

"Dem go divide my klot,
afta dem don gambol for am."

Dis na wetin di sojas kon do.

25 By dis time, di only pipol wey stand near di cross where dem nail Jesus,
na-im mama; en aunty, Mary wey bi Klopas wife and Mary Magdalin. 26 So
wen Jesus si en mama and John, di disciple wey e love well-well stand for
der, e kon tell en mama, "Mama, look, dis na yor pikin." 27 Den e tell di
disciple, "Make yu look, dis na yor mama." From dat time, di disciple
kon take Jesus mama go en own house. 28 Wen Jesus si sey evritin don
finish, e kon sey, "Wota dey hongry mi", (dis show sey wetin God tok,
really happen).

### *Jesus Die*

29 Di sojas soak sponge inside wine wey betta, wey dey one kontaina for
der kon put am for di branches of one plant wey dem dey koll hyssop kon
stresh am put for Jesus mout. 30 Wen e don taste di wine, Jesus kon sey,
"Evritin don finish." Den e bend en head down, kon die.

31 Dis tin happen for di day wen dem dey prepare for di Passova Feast
and bikos dem nor wont make di dead body dem stay for cross for Sabat
Day, (bikos dat Sabat Day na special one for dem), di Jew oga dem kon tell

Pilate make dem break dia leg, to make sure sey dem don die, so dat dem
go fit bring dia dead body kom down. 32 So di sojas break di oda two pipol
leg wey dem kill with Jesus. 33 But wen dem rish di cross wey Jesus dey
and si sey e don die, dem nor kon break en leg. 34 But one soja kon take
spear shuk di korna of en belle, den blood and wota kon dey rush kom out.
35 All dis story na true, (bikos na di pesin wey si dem happen, naim tok
about dem and wetin e tok na true), so dat una go fit bilive. 36 All dis tin
happen to show sey, wetin dem rite for God word na true sey, "Dem nor
go break one singol bone for en body." 37 And God word still sey, "Dem go
stand dey sopraiz as dem dey look di pesin wey dem shuk en body."

38 Afta dis time, Josef wey kom from Arimatea, wey bi Jesus sekret
disciple, (bikos e dey fear di oda Jew oga dem), kon ask Pilate make e
allow am karry Jesus dead body komot for der. Pilate gri for am and e go
karry Jesus body komot.

### *Dem Beri Jesus*

39 Nikodimos, di man wey hide go si Jesus for nite, kon follow Josef. E
karry perfume wey heavy rish seventy-five pounds, wey dem take myrrh
and aloe spice make. 40 Den dem pour di perfume for Jesus body kon wrap
am with linen klot akordin to di way Jew pipol dey prepare dead body for
beri. 41 One gardin dey near di place where dem kill Jesus and one new
grave wey dem neva beri anybody put before, dey inside di gardin. 42 Since
dat day na di day wey Jew pipol dey prepare for di Passova Feast and bikos
di new grave dey near der, dem kon beri Jesus inside di grave.

## 20

### *Jesus Wake-up From Grave*

1 For di first day for di week, wen day neva break well, Mary Magdalin
kon go where di grave dey. E si sey dem don remove di stone wey dem
take kover di grave mout. 2 Den e run go meet Simon Pita and John kon
tell dem, "Somebody don karry Jesus body komot from di grave and wi
nor know where dem put am."

3 So Pita and John kon go where di grave dey. 4 Di two of dem kon dey
run togeda, but John run pass Pita kon first am rish di grave. 5 E nor
enter inside di grave, but e bend down kon si di linen klot wey dem take
wrap Jesus body for groun inside di grave. 6 Wen Simon Pita rish der, e
enter inside di grave kon si di linen klot for groun too. 7 But di small klot
wey dey for Jesus head nor dey for di same place where di oda klot dey, e
dey on en own for one korna. 8 Den John kon enter inside and wetin e si
kon make am bilive. 9 (Bikos dem undastand God word wey sey, Jesus go
wake-up afta e die).

### *Jesus Show Ensef To Mary Magdalin*

10 So di two disciple kon go back to dia house. 11 But Mary stand for
outside di grave dey kry. As e still dey kry, e kon bend down look inside
di grave. 12 Den e si two angel wey wear white klot sidan for where dem
put Jesus body. One dey for where di head dey and di oda dey for where
di leg dey.

13 Dem kon ask am, "Woman, why yu dey kry?"

Mary ansa, "Dem don karry my oga komot and I nor know where dem
karry am go." 14 Afta e tok finish, e turn round kon si Jesus stand for der,
but e nor know sey na Jesus bi dat.

15 Jesus tell am, "Woman, why yu dey kry? Na who yu dey find?"

Bikos Mary tink sey naim bi di gardina, e kon sey, "Oga God, if na yu karry am komot, make yu tell mi where yu karry am go, so dat I go-go karry am."

16 Den Jesus koll am, "Mary."

So, Mary turn round face am kon koll am for Hibru language, "Raboni!" (wey mean Tisha).

17 Jesus ansa am, "Make yu neva tosh mi, bikos I neva go meet my Papa for heaven. Go meet my brodas, tell dem sey, 'I dey go heaven go meet my Papa, wey bi yor Papa too; my God, wey bi yor God too.' "

18 Den Mary Magdalin go meet di disciples for where dem dey kon tell dem, "I don si di Oga God!" Den e tell dem wetin Jesus tell am.

### *Jesus Show Ensef To En Disciples*

19 Dat evening, for di first day for di week, en disciples kon gada togeda.
Dem lock di door for di house wey dem dey, bikos dem dey fear di Jew oga
dem. Jesus stand among dem kon sey, "Make peace dey with una." 20 Wen
e don tok finish, e show dem en hand and di korna for en belle wey dem
shuk with spear. Den di disciples kon happy well-well, wen dem si Jesus.

21 Den Jesus tell dem again, "Make peace dey with una. As my Papa send
mi, na so I send una too." 22 Wen e tok finish, e breath for dia body kon
sey, "Make una receive di Holy Spirit. 23 If una forgive anybody en sin, God
go forgi-am, but if una nor forgive anybody en sin, God nor go forgi-am."

### *Jesus Show Ensef To Tomas*

24 For dis time, Tomas (wey bi twins), one among di twelf disciples, nor
dey der wen Jesus show ensef to dem. 25 Di oda disciples kon tell am, "Wi
don si Jesus."

But e ansa dem, "Unless I si en two hand wey dem nail kon put my finger inside di whole wey di nail make and shuk my hand inside di whole wey dey en belle, I nor go ever bilive una."

26 Afta eight days, wen all di disciples gada again inside di house and
Tomas dey der with dem dis time, even doh sey dem lock all di doors,
Jesus show ensef kon stand among dem sey, "Make peace dey with una."
27 Den e tell Tomas, "Put yor finger for my hand, make yu tosh am. Stresh
yor hand put inside di korna for my belle. Make yu nor dey doubt again,
but make yu bilive."

28 Tomas ansa am, "O! My Oga God and my God."

29 Den Jesus tell am, "So yu bilive naw, bikos yu don si mi? God go bless pipol wey neva take eye si mi, but dem bilive mi."

30 Jesus do many mirakles wen e dey with en disciples wey dem nor rite
for dis book. 31 But dis tins wey dem rite so, na make una for bilive sey
na Jesus bi di Christ and naim bi Man Pikin and if una bilive am, una go
get life thru en name.

## 21

### *Jesus Show Ensef To En Disciples For Galilee*

1 Afta dis, Jesus show ensef again to en disciples near Tiberias Sea. Dis
na how e do am. 2 Simon Pita and Tomas (wey bi twins), with Netanel
(wey en town bi Kana for Galilee), with Zebedee pikin and two oda Jesus
disciples, kon gada togeda. 3 Simon Pita kon tell dem, “I dey go katch fish.”
Dem sey, “Wi too go follow yu go.” Den dem komot go enter one kenu. But
dat nite dem nor katch any fish.

4 Wen day break, Jesus stand for di wotaside, but di disciples nor know
sey naim dey der.

5 Jesus kon ask dem, “My shidren, una katch any fish?”

Dem ansa, “No o-o.”

6 E kon tell dem, “Make una trow una net go di rite side for di kenu and
una go katch some fish.” Wen dem don trow dia net inside di river, dem
nor fit draw am komot from di wota, bikos di fish wey dem katch, plenty
well-well.

7 Den, John, di disciple wey Jesus love kon tell Pita, “Dis man na Jesus
o-o.” Wen Simon Pita hear sey di man na Jesus, e kon kwik-kwik tie en
klot well (bikos e nor wear anytin under), den e jump inside di river. 8 By
dis time, di oda disciples dey inside di kenu dey pul di net with di plenty
fish go rish groun for di wotaside (bikos where dem dey, na about one
hundred yard from di wotaside). 9 Wen dem don kom down from di kenu,
dem kon si shako fire with fish and some bread on-top am.

10 Jesus tell dem, “Make una bring some for di fish wey una katch kom.”

11 Den Simon Pita enter di kenu kon pul di net kom groun. Di net katch
plenty big-big fish wey rish one hundred and fifty-three and di net nor
tear. 12 Jesus tell dem, “Make una kom chop.” But dem nor fit ask am,
“Who yu bi”, bikos dem bilive sey na Jesus e bi. 13 Den Jesus kon give dem
bread and fish. 14 Dis make am di third time wen Jesus show ensef to en
disciples, afta e don raiz-up from grave.

### *Jesus Forgive Pita*

15 Wen dem don chop finish, Jesus ask Simon Pita, “Simon, John pikin,
yu love mi pass all dis tins?”

E ansa, “Yes, Oga God! Yu know sey I love yu.”

Jesus kon tell am, “Make yu feed my sheep.”

16 Jesus ask am again, “Simon, John pikin, yu really tink sey yu love mi?”

Pita ansa, “Yes, oga! Yu know sey I love yu.”

Jesus kon tell am, “Make yu kare for my sheep.”

17 Jesus ask am di third time, “Simon, John pikin, yu sure sey yu love mi
so?”

Pita kon dey vex, bikos e pain am well-well, as Jesus ask am di same
kweshon three times, “Yu sure sey yu love mi so?” Den Pita sey, “Oga God,
yu know evritin, yu know sey I really love yu.”

So, Jesus tell am, “Make yu feed my sheep. 18 I tell yu true word, wen yu
dey small, yu dey do as yu like, dey dress as yu like and dey go anywhere
wey yu wont, but wen yu go old, yu go spread yor hand and oda pipol go
help yu tie yor klot and karry yu go where yu nor won go.” 19 (Jesus tok
dis to show how Pita go die, so dat God go get honor). Afta Jesus tok finish,
e kon tell Pita, “Make yu follow mi.”

### *Jesus Tell Pita To Follow Am*

[20] Wen Pita turn round, e kon si John, (di disciple wey Jesus love well-
well), dey follow dem. (Dis na di disciple wey bend en head near Jesus
chest wen dem dey chop kon ask am, "Oga God, who bi di pesin wey go
sell yu give yor enemy?") [21] Wen Pita si am, e kon ask Jesus, "Oga God,
wot about dis man?"
[22] Jesus ansa am, "Make yu mind yor own business. If I wont sey make e
stay until I kom back, wish one koncern yu inside? Make yu yorsef follow
mi." [23] Den di rumor kon dey spread among di brodas and sistas sey, di
disciple nor go die. But Jesus nor really tell Pita sey di oda disciple nor go
die, but e sey, "If I won sey make e stay until I kom back, wish one koncern
yu inside?"
[24] Na dis bi di disciple wey bear witness about all dis tins and wey rite
dem and wi know sey wetin e rite, na true.
[25] Jesus do many oda tins wey dem nor rite down. If to sey dem rite all
of dem, di world nor go get space wey go kontain all di book, where dem
rite dem put.

# Acts

## Introdushon

Acts na di sekond book wey Luke rite and na to Teofilus e rite di two books. Na where Luke gospel stop, na der Acts from bigin. Na di story about di Holy Spirit work wey start for Jerusalem, kon spread to oda parts of di world. Afta God send di Holy Spirit to di Church for Jerusalem (2:1-12), di disciple kon skata go difren place dey prish about God kingdom (7:1–8:40). Di main part for di book na about how God shange Paul and use am tell di story of en love to Gentile pipol, sotey di Roman Empire plus some aria for Asia, Europe and Africa kon hear about Jesus Christ. As di book dey end, dem kon put Paul for prison for Rome and dis gi-am di shance to prish give many big pipol until dem kon kill-am.

### *Jesus Go Heaven*

1 My friend Teofilus, for di book wey I first rite give yu, I tok about all di
tins wey Jesus Christ start to dey do and tish, 2 until di day wen God kon
karry am go heaven, afta e give orda to di apostles, wey e choose with di
Holy Spirit. 3 Na di same apostles e show ensef many time sey, e still dey
alive afta di sofa wey e sofa. Dem si am for forty days and e tell dem about
God kingdom. 4 Den wen e follow dem sidan dey tok, e kon kommand dem
sey, "Make una nor leave Jerusalem, but make una wait for di tin wey my
Papa promise wey I don tell una before. 5 John dey baptize with wota, but
e nor go tey wen God go baptize una with en Holy Spirit (wey go kontrol
una life forever)."
6 So wen dem gada, dem kon start to ask Jesus Christ, "Oga God! Na
naw yu go start to rule Israel?" 7 Jesus ansa dem, "Di time wey God plan
nor koncern una, 8 but una go get pawa wen di Holy Spirit don enter una
life and una go tell pipol about mi for Jerusalem, for evriwhere for Judea
and Samaria go rish all di far place wey dey dis world." 9 So afta e don
tok with dem, God kon karry am up until kloud kover am and dem nor fit
si am again. 10 As dem still dey look up as e dey go, two men wey wear
white klot stand near dem 11 kon sey, "Galilee pipol, na wetin make una
stand der dey look heaven like dat? Dis Jesus Christ wey God don karry
go heaven today, go still kom back di same way wey una si am dey go
heaven."

### *New Pesin Take Judas Place*

12 So dem go back to Jerusalem from Mount Olives (wey dey near
Jerusalem and di place wey dem waka so, far pass how di law dey allow
pipol waka for Sabat Day). 13 Wen dem enter Jerusalem, dem kon go di
room for upstair where dem dey stay. Pita and John; James and Andru;
Filip and Tomas; Bartolomew and Matiu; James wey bi Afaeus pikin, Simon
wey dem dey koll Zealot and Judas wey bi James pikin, na all of dem gada
for der. 14 Dem kon dey pray togeda evriday with one mind, with all di
wimen, plus Mary, Jesus Christ mama and en brodas.
15 Di pipol wey dey pray, plenty rish one hundred and twenty. So Pita
stand up for di pipol front kon sey, 16 "My brodas, di word wey di Holy
Spirit use David tok about Judas, wey show road to di pipol wey arrest Jesus

Christ, must happen, 17 bikos e dey awa group before and e dey follow us
do di work." 18 (Dis Judas buy one land with di money wey e kollect for
di wiked tin wey e do and na der e hang ensef till en belle burst and all
en intestine kon skata kom out, 19 sotey all di pipol for Jerusalem hear di
story and naim make dem dey koll di place for dia language, "Akeldama",
wey mean, "Blood Land"). 20 "For Psalms book, God word sey, 'Make en
house empty, make nobody stay der again and make anoda pesin take en
place.' 21 So, make one pesin from di men wey dey follow us since di time
wey Oga God Jesus Christ dey with us, 22 from wen dem baptize am, until
e go up leave us; make e kon join us tell pipol di trut sey, Jesus Christ don
raiz-up from grave." 23 So dem choose two men, one na Josef wey dem
dey koll Barsabas (but some pipol dey koll am Justus) and di oda one, na
Matias. 24 Den dem kon pray, "Oga God Jesus Christ, na yu know wetin dey
inside evribody mind. Make yu show us di pesin wey yu wont among dis
two pipol, 25 so dat e go take Apostle Judas, wey kill ensef, place." 26 Naim
dem kon vote to choose between di two men and di pesin wey dem choose,
na Matias.

# 2

### *Di Day Di Holy Spirit Kom Dan*

1 Wen Pentekost Day rish, di disciples kon gada for one place. 2 At wons,
one kind nois wey bi like heavy breeze kom from heaven kon full di whole
house where dem sidan. 3 Dem kon si small-small fire wey bi like kandol
lite dey fall kom from heaven on-top dia head, one-by-one. 4 Den di Holy
Spirit enter dia body and as di Spirit give dem pawa, dem kon start to tok
for difren language.

5 Dat time, Jew and oda pipol dey stay for Jerusalem. 6 Wen pipol hear
di nois, dem sopraiz kon gada, bikos evribody dey hear di disciples dey
tok with difren language, wey demsef dey tok for dia kountry. 7 As di
pipol dey sopraiz, dem kon dey ask each oda, "All dis pipol wey dey tok
so, nor bi Galilee dem from kom? 8 How e bi sey dem dey speak awa
difren language? 9 Wi wey kom from Partia, Medes, Elam, Mesopotamia,
Judea, Kappadocia for Pontus and all di aria wey dey for Asia, 10 Frigia
and Pamfilia, even di pipol from Egypt and di aria for Libya near Sirene,
plus all di strenjas wey kom from Rome, 11 weda dem bi Jew or Gentile,
wey dey serve God with dem, like pipol from Krete and Arabia, all of us
dey hear, as dem dey use awa language praiz God!" 12 All of dem sopraiz
and di tin konfuse dem well-well. So dem kon dey ask each oda wetin dis
kind tin mean. 13 But some among dem dey laf di pipol wey dey speak di
difren language kon dey sey, "Dis pipol don drink well-well!"

### *Pita Stand Up Tok*

14 But Pita stand up with di eleven apostles kon shaut: "Judea pipol and
una wey dey Jerusalem, make una put ear down for wetin I won tell una
so. Make una know sey 15 dis men neva drink anytin as una tink, bikos na
just nine oklok for morning and e too early to drink. 16 But Profet Joel sey:
17 " 'Wen di last day don rish,
God sey, "I go pour my Spirit inside evribody
and all una shidren, both boys and girls go dey profesai,
una yong men go dey si vishon

and una old men go dey dream plenty dreams.
18 For dat time, I go give my Spirit to all di pipol
wey dey serve mi and dem go dey profesai.
19 I go show plenty wonders for heaven
and many mirakles for dis world,
blood and fire go appear for inside di sky like smoke.
20 Di sun go black and di moon go red like blood,
before di big day wen God tok about, go rish.
21 For dat time, evribody wey koll God name,
God go save am." '

22 "Israel pipol, make una hear wetin I dey tok, Jesus Christ wey kom
from Nazaret, di man wey God choose and wey e send to una, wey God
use do many mirakles and oda wonderful signs for una front, as all of una
know, 23 na Judas sell dis man give Jew pipol, bikos na so God plan am
from biginnin. Una know sey una kill-am, wen una gi-am to di sojas make
dem nail am for cross. 24 But God kon raiz am up afta E don gi-am pawa
to win deat, bikos deat nor get pawa to hold am. 25 Dis na wetin David tok
about sey,

" 'God always dey near mi
and bikos e dey for my rite hand,
I nor go fear anytin.
26 Bikos of dis, belle sweet mi
and my mout kon dey tok betta-betta tins
and I kon get hope sey tins go really good for mi,
27 bikos I know sey God nor go allow mi stay for grave
or make my body rotin for groun.
28 "True-true, yu don show mi di way
wey dey give life
and yu go make mi happy well-well
wen I dey for where yu dey." '

29 "My pipol, Nor bi true sey awa grand-grand papa, David don die since,
dem beri am and en grave dey awa land till today? 30 Wi know sey en na
profet, bikos God don promise am sey, naim pikin dem go always bi king
for Israel. 31 Bikos of dis vishon wey David si, e kon sey, 'Di Mezaya go
get up from grave, bikos God nor go leave am der make en body rotin for
groun.' As all of us know, 32 God don raiz dis Jesus Christ up and evribody
si am. 33 Bikos God don promote am make e dey en rite hand and e don
receive di Holy Spirit wey en Papa promise and naw, e don pour di Holy
Spirit for awa body, as una si am dey happen so. 34 Wi know sey David
neva go heaven, but only en tok with en mout sey,

" 'God tell my oga sey,
"Sidan for my rite hand,
35 until I go make all yor enemies serve yu." '

36 So Israel pipol, make una know sey, God don turn dis Jesus Christ wey
una kill, to bi Oga God and Mezaya."

### *How Pipol Receive Wetin Pita Prish*

37 Wen di pipol hear dis prishin, e trobol dem for mind well-well and
dem kon ask Pita and di rest apostles, "Awa brodas, wetin wi go do naw?"
38 Pita ansa dem, "Make una turn from sin kom meet God one-by-one and

make dem baptize una with Jesus Christ name, so dat God go forgive una,
den una go fit receive di Holy Spirit. 39 Bikos dis promise na for una, all
una pikin, pipol wey dey far place and all di pipol wey God go draw near
ensef." 40 As Pita dey tok to di pipol, e kon warn dem, "Make una save
una head from di ponishment wey dey kom meet wiked pipol." 41 So, dem
baptize all of dem wey bilive wetin e prish and dem rish 3,000 pipol wey
join dem dat day.

### *Di Early Bilivers Stay Togeda*

42 Dem kon dey use all dia time dey learn wetin di apostles dey tish. Dem
dey waka, help, chop and pray togeda. 43 Di apostles do many wonders and
mirakles and bikos of dis, pipol kon dey respet and fear God. 44 All di pipol
wey bilive, dey share dia propaty with one anoda and stay togeda. 45 Dem
dey sell wetin dem get kon use di money dey help each oda. 46 Dem dey
stay togeda evriday like one big family. Dem dey gada go di temple togeda
and dem dey go from house to house, dey chop togeda with happiness.
47 Dem kon dey praiz God and dey fellowship with one anoda. So God kon
dey add more pipol join dem evriday.

## 3

### *Pita And John Heal Pesin Wey Cripple*

1 One day, Pita and John dey go di temple go pray for three oklok for
aftanoon. 2 Some pipol dey always karry one man, wey nor fit waka since
en mama born am, kom di temple door-mot wey dem dey koll, "Beautiful
Gate", so dat e go dey beg for money from pipol, wey dey enter inside di
temple. 3 As di man si Pita and John wen dem won enter di temple, e kon
dey beg dem for money, 4 but dem look am strait for eye kon sey, "Make
yu look us!" 5 So di man wey nor fit waka kon look dem well-well, bikos e
tink sey dem won gi-am money. 6 Pita kon tell am, "I nor get silva or gold
to give yu: but na wetin I get, I go give yu. With Jesus Christ name wey
kom from Nazaret, stand up make yu bigin waka!" 7 Pita hold di man for
en rite hand kon drag am up and at wons, di man legs kon strong. 8 Di
man jump up bigin waka, e follow dem enter di temple dey waka, dey
jump up-and-down, dey praiz God. 9 Pipol si am dey waka dey praiz God
10 and dem remember en face kon sey, dis na di man wey dey sidan for di
temple door-mot dey beg money, before. Di pipol sopraiz well-well, bikos
of wetin happen.

### *Pita Tok To Di Pipol*

11 Di man still dey jump follow Pita and John with happiness and di pipol
still dey sopraiz. Den di pipol run go meet Pita and John for di place wey
dem dey koll "Solomon Varanda." 12 Wen Pita si sey all di pipol gada, e
kon start to dey prish, "Israel pipol, wetin make dis mirakle dey sopraiz
una like dis? Why una dey look us like sey na with awa own pawa or
holiness wi take make dis man waka? 13 Na Abraham, Isaak, Jakob and
awa grand-grand papa God, naim karry en savant Jesus Christ go up, di
one wey una rijet kon gi-am to Pilate make e judge am, even wen e won
free am. 14 Una sey una nor wont Jesus Christ, di holy and Raitious Pesin,
instead una sey make dem release anoda pesin wey dey kill pipol give
una. 15 Una kill di pesin wey dey give pipol life, but God raiz am from

deat and wi bear witness sey dis na true. 16 Dat Jesus Christ name wey
wi bilive, naim make dis man wey una dey si and know well-well, strong.
Yes! Naim name don heal dis man as una dey si so. 17 So my brodas, I
know sey una and una oga dem nor know wetin una do. 18 God don tok
before-before thru all en profet sey, di Mezaya go sofa and E don make
am happen, thru wetin una do. 19 So make una turn from sin kom meet
God, make E for forgive una, 20 so dat una go fit get freedom wey God dey
give and E go send Jesus Christ, di Mezaya wey E don prepare down, kom
meet una. 21 Dis Jesus Christ go stay for heaven till di time wey God go
make evritin betta again as E don tok thru en holy profets. 22 Even Moses
sef tok before sey, Jehovah wey bi una God go send one profet to una, just
as E send mi and e go bi una family memba. Una must obey evritin wey e
sey make una do. 23 Anybody wey nor obey dat profet, dem go distroy am
and dem go remove am from God family. 24 God don tok about all dis tins
wey dey happen so, from Profet Samuel time go rish di profets wey kom
afta am. 25 All of una get share for inside di promise wey God make with
una grand-grand papa dem thru di profets. Na so E tell Abraham sey, 'Na
thru di pikin wey yu go born, naim I go take bless all di family wey dey di
world.' 26 So God don raiz en savant and E don send am give una, make e
for bless and help una turn from sin kom meet am."

# 4

*Dem Arrest Pita And John*

1 As Pita and John still dey tok, di priests, di temple guide oga and di
Sadusi pipol waka kon meet dem. 2 Dem dey vex, bikos Pita and John dey
tish di pipol sey, na only thru Jesus Christ, pipol go fit wake-up from deat.
3 So dem arrest dem put for prison till di next day, bikos nite don rish.
4 But pipol wey hear wetin dem tok kon bilive Jesus Christ and di pipol
wey bilive, rish 5,000.

5 Di next day, all di rulers, eldas and lawyers kon gada go Jerusalem.
6 Annas, wey bi di High Priest dey der with Kaiafas, John, Alexanda and
some membas for di High Priest family. 7 Dem drag Pita and John enter
dia centre kon bigin ask dem, "Who give una pawa to do dis tins? Na wish
pesin name una dey use so?" 8 Pita wey di Holy Spirit dey use well-well
kon ansa, "Awa rulers and eldas, 9 na bikos of di good wey wi do for dis
pesin wey nor well, naim make una dey kweshon us today sey, 'How dis
man take well?' 10 My pipol and di oga dem for Israel, make una know sey,
Jesus Christ wey kom from Nazaret, di pesin wey una kill and God raiz am
from deat, naim name make dis man wey una dey si so, well. 11 Dis Jesus
Christ, di good stone wey una trowey, God don make am di main pila wey
dey whole di house. 12 And na en pawa God dey use save pipol, bikos for
di whole world, e nor get any oda name wey get pawa to save pipol, like
Jesus Christ own."

13 Di oga dem sopraiz wen dem si how Pita and John take tok even doh
dem nor go skool. So dem kon know sey dis na di pipol wey don follow
Jesus Christ waka. 14 As dem si sey di man wey God heal stand der with
Pita and John, dem nor fit deny wetin happen. 15 So dem sey make Pita
and John komot for where dem dey, den dem bigin ask each oda, 16 "Wetin
wi go do about dis pipol? Bikos evribody wey dey for Jerusalem don know

sey na big mirakle naim God use dem do so and wi nor go fit deny am.
17 But make di matter nor for kontinue dey spread among di pipol, make
wi warn dem make dem nor tok about dis name again." 18 So dem koll
dem go inside kon warn dem make dem nor tok or tish about Jesus Christ
name again. 19 But Pita and John ansa, "Make una judge wetin good pass
for dis matter; make wi obey una or make wi obey God, 20 bikos wi nor
go fit sey make wi nor tok about wetin wi don si and hear." 21 Afta dem
warn Pita and John well-well, di Jew pipol kon leave dem make dem dey
go, as dem nor fit ponish dem for di pipol front, bikos dem gada dey praiz
God for wetin happen so. 22 Di man wey receive dis big mirakle, don pass
forty years.

### *Di Disciples Pray For Pawa*

23 As dem free dem, Pita and John go meet dia pipol kon tell dem evritin
wey di High Priest and di eldas tok. 24 Wen dem hear wetin happen, dem
kon pray to God sey, "God wey dey for heaven, yu wey make heaven, eart,
di sea and evritin wey dey inside dem. 25 Yor Spirit tok thru yor savant
David, awa grand-grand papa sey,
" 'Wetin dey make pipol wey dey woship juju dey make nois?
Wetin make dem dey plan bad-bad tins?
26 All di kings wey dey di world stand and di rulers gada togeda
against Jehovah and di pesin wey E choose.'
27 "True-true, Herod, Pontius Pilate, Israel pipol and doz wey nor bi Jew
kon gada for di town against Jesus Christ, yor holy savant wey yu choose
28 and dem dey do wetin yu don already plan sey go happen. 29 Papa God,
make yu si how dem dey treaten us. Wi wey bi yor savants, make yu give
us pawa to take prish yor word and 30 anytime wen wi koll Yor holy pikin
Jesus Christ name, make yu heal pipol and do many wonderful mirakles."
31 Wen dem pray finish, di place wey dem gada put kon dey shake. Di Holy
Spirit enter all of dem and dem kon dey prish God Word with pawa.

### *How Di Early Bilivers Stay Togeda*

32 All di pipol wey bilive Jesus Christ kon dey do tins togeda with one
mind and nobody sey e go use wetin e get for ensef alone, so dem kon
dey share dia propaty togeda. 33 With God pawa, di apostles kon dey bear
witness sey Jesus Christ wake-up from deat and God favor kon dey show
for dia life well-well. 34 Nobody among dem sofa, bikos di rish pipol among
dem wey get land and house, dey sell dia propaty and bring di money wey
dem sell 35 kon give di apostles make dem keep am, so dat dem go gi-am
to anybody to take buy wetin e wont. 36 So Josef wey kom from Levi tribe
and wey di apostles dey koll Banabas (wey mean pesin wey dey enkourage
pipol) and en home-town na Cyprus, 37 sell one land wey e get kon give di
money to di apostle make evribody use.

# 5

### *Wetin Happen To Ananias and Saffira*

1 One man wey dem dey koll Ananias with en wife Saffira kon sell dia
land. 2 Dem kon gri sey dem go keep some for di money for demsef. So
Ananias take di remainin money go give di apostles. 3 But Pita tell am,
"Ananias, why yu allow Satan enter yor heart and yu kon dey lie give di

Holy Spirit? Why yu keep some for di money wey una sell di land, for
unasef? 4 Before una sell di land, nor bi una own propaty? Naw wen una
sell am finish, di money nor still bi una own to spend as una like? Wetin
make una get dis kind mind? Dis lie wey yu tok so, nor bi pesin yu do am
to, but na God!"
5 Wen Ananias hear di word wey Pita tok, e fall for groun at wons kon
die. Dis tin make fear katch evribody wey hear wetin happen. 6 So di yong
men wey dey der, take wrapa kover en body kon karry am go beri. 7 Wen
three hours don pass, en wife, Saffira waka kom, but e nor know wetin
don happen to en husband. 8 Den Pita ask am, "Madam, tell mi di trut. Na
dis bi di prize wey una sell di land? Saffira ansa, 'Yes, na-im.' " 9 So Pita
tell am, "Wetin make yu and yor husband decide to try God Spirit like dis?
Look! Na di pipol wey go beri yor husband dey kom so and dem go karry
yu go beri too!" 10 At wons, di woman fall for groun kon die for Pita front.
So wen di yong men enter inside di house kon si sey di woman don die,
dem karry am go beri near where dem beri en husband put. 11 Fear katch
di pipol for di church and odas wey hear wetin happen.

### *Mirakles And Wonders Wey Di Apostles Do*

12 Na dis kind mirakle and wonder God do thru di apostles for di pipol
front and dem kon dey meet for Solomon Varanda. 13 Fear nor let anybody
wey nor dey among dem go join dem anyhow and e kon make all di pipol
dey respet dem well-well. 14 But plenty men and wimen wey bilive Jesus
Christ kon join dem, 15 sotey dem even dey karry pipol wey nor well put
for bed and mat for road, so dat as Pita dey pass, en shadow go heal dem.
16 Dem bring pipol well nor well and doz wey get evil spirit from all di
town and village wey near Jerusalem and God heal all of dem.

### *Wahala Wey Di Apostles Face*

17 But jealousy kon full di High Priest and di Sadusi pipol mind, 18 so
dem kon arrest di apostles put for prison. 19 But for dat nite, God angel
open di prison door kon bring dem kom out and tell dem, 20 "Make una
go stand for di temple varanda bigin prish God word wey dey give pipol
life." 21 Afta dem hear dis, dem enter di temple varanda for morning kon
start to dey tish di pipol.

Den di priest oga dem and di pipol wey dey follow am kon koll di
Sanhedrin, wey bi di big kansol for Israel pipol. Dem send pipol go di
prison make dem go bring di apostles kom, bikos dem won judge dia kase.
22 But di savant wey dem send go, nor si dem for di prison, so dem go back
go ripot sey, 23 "Wi si sey dem lock di prison well and all di sojas stand for
di front, but wen wi open di gate, wi look inside, but wi nor si anybody."
24 So wen di soja oga wey dey di temple and di priest oga dem hear dis
tin, dem sopraiz well-well kon dey wonder wetin happen to di apostles.
25 Na dat time one pesin kon tell dem sey, "Si o-o, di men wey una put for
prison dey for di temple varanda dey tish pipol!" 26 So di soja oga wey dey
di temple kon escort di savant go bring di apostles, but dem nor use force,
bikos dem dey fear sey di pipol wey gada der, fit stone dem.
27 Wen dem don bring dem inside, dem kon sey make dem stand for di
kansol front and di priest oga dem kon dey kweshon dem. 28 E ask dem,
"Wi kommand una sey make una nor tish pipol about dis name, but si
naw, di whole Jerusalem don full with di tins wey una dey tish. Una won

put dis man blood for awa head?” 29 But Pita and di apostles ansa, “Wi go
must obey God instead of human being. 30 Na di God wey awa grand-grand
papa dem serve raiz-up Jesus Christ wey una hang for tree. 31 But God don
promote am sey make e sidan for en rite hand kon gi-am big pozishon as
Oga God and di Pesin wey go save di world, so dat Israel shidren go turn
from dia sin kom meet God make e forgive dem. 32 All of us know sey dis
tin na true and di Holy Spirit wey God don give to pipol wey dey obey am,
dey still bear witness sey, dis tin na true.”

33 Wen di priest oga dem hear dis tin, dem kon vex well-well and won kill
di apostles. 34 Den one Farisee wey dem dey koll, Gamaliel, wey dey tish
di law and wey di pipol dey respet well-well kon stand up tok, “Make una
send dis men go outside first.” 35 Den e kon tok to di kansol, “Una Israel
oga, make una tink well before una do anytin to dis men. 36 Bikos na so
Teudas still kom up before, dey tok sey en na pesin wey dey important
and na about four hundred pipol follow am. Wen dem kill-am, all di pipol
wey dey follow am skata and evritin kon end. 37 Afta am, Judas wey kom
from Galilee kom out wen dem dey do census. E push pipol to join am
oppoz wetin dem dey do. Dem still kill-am and all di pipol wey dey follow
am skata too. 38 Naim make I sey for dis matter so, make una remove una
hand and leave all dis men, bikos if all di tins wey dem dey plan and do,
na from dia mind, dem nor go susid, 39 but if na from God, una nor go
fit stop dem, escept una won fight God.” 40 So dem bring di apostles kom
back kon tell dia savant make dem flog dem. Afta dem release dem, dem
kon warn dem sey make dem nor use Jesus Christ name take prish again.
41 So di apostles komot from der dey happy well-well sey God don give
dem di shance to sofa, bikos of Jesus Christ. 42 So evriday for di temple
kompond and from house to house, dem kontinue to dey tish and prish di
Good News sey, “Na Jesus Christ bi di Mezaya.”

# 6

*Di Seven Deakons*

1 As time dey go, wen di disciples don plenty, di Jew pipol wey dey tok
with Greek language kon dey kworel with di oda kountry-men wey dey tok
Hibru. Dem kon dey komplain sey, “Wen dem dey share food, di Hibru
men dey sofa wimen wey dia husband don die.” 2 So di twelf apostles gada
evribody kon sey, “E nor good make wi leave God word wey wi dey prish
kon put hand for food matter. 3 So make una look round kon choose among
una, seven men wey una know sey dey bihave well; di Holy Spirit dey use
well-well and wey get sense, so dat dem go do dis work for us. 4 So dat
wi go fit put awa mind for prayer, as wi dey prish God word.” 5 Evribody
like wetin di apostles tok, so dem kon choose one man wey en name na
Stefen, bikos di Holy Spirit dey use am well-well. Di odas wey dem choose,
na Filip, Prokorus, Nikanor, Timon, Parmenas and Nikolas wey kom from
Antiok and e dey serve God like Jew pipol. 6 Dem show dem to di apostles.
Di apostles put hand for dia head kon pray for dem. 7 Na so God word
start to spread and di disciples wey dey Jerusalem kon plenty well-well.
And many priests kon bilive Jesus Christ.

*Dem Arrest Stefen*

8 God bless Stefen well-well kon gi-am pawa to take do many wonders
and mirakles among di pipol. 9 But some men kon dey argue with am.
Dis men dey woship God for one place wey dem dey koll "Di Freedmen
Sinagog." Some among dem kom from Alexandria, Sirene, Silisia and Asia.
10 But dis pipol nor fit stand di wisdom and pawa wey Stefen take dey tok.
11 So, dem kon bribe some men make dem lie sey, "Wi hear wen dis man
tok tins wey dey against Moses and God law." 12 Dem lie for Stefen head,
so di pipol, di eldas and di oga dem for di law kon hate am. So dem arrest
Stefen kon karry am go di kansol. 13 Dem bring pipol kon lie sey, "E don
tey wey dis man dey tok bad-bad tins about Moses Law and dis Temple.
14 Wi hear wen e dey tok sey Jesus Christ wey kom from Nazaret go skata
dis place and e go shange all di tradishon wey Moses give us." 15 Evribody
wey dey di kansol dey look Stefen kon si sey en face dey shine like angel
own.

# 7

*Wetin Stefen Tok*

1 Di priest oga dem kon ask Stefen, "All dis tins wey dem tok about
yu so, na true?" 2 Stefen ansa, "My brodas and fada, make una listin to
wetin I won tok so. Na wen Abraham, awa grand-grand papa dey for
Mesopotamia, before e go stay for Haran, naim God wey get pawa, appear
to am 3 kon tell am sey, 'Make yu leave yor kountry and yor pipol kon go di
land wey I go show yu.' 4 So Abraham leave Kaldean kountry kon go stay
for Haran. Afta en papa die, God kon tell am make e stay for dis land wey
una dey naw. 5 Dat time, God neva gi-am any part for di land and e neva
born any pikin, but God promise am sey E go gi-am di land and en and en
shidren go stay der forever. 6 God tell am, 'Di shidren wey yu go born go
bi strenja for anoda kountry and di pipol for dat kountry go sofa dem kon
use dem as slave for four hundred years.' 7 But God sey, 'I go ponish di
pipol wey go use dem as slave and afta all dis tins, dem go komot for der
kon woship mi for dis place.' 8 So God make kovenant with Abraham thru
sekonsishon. Abraham kon born Isaak and sekonsaiz am afta eight days.
Isaak born Jakob and Jakob born di twelf brodas, wey bi awa grand-grand
papa dem. 9 Jakob shidren wey bi awa grand-grand papa dem, bikos dem
dey jealous Josef dia broda, dem kon sell am as slave go Egypt, but God dey
with am 10 kon save am from all en wahala and from Fero wey bi Egypt
king, E gi-am favor with wisdom and Fero kon make am oga for di whole
Egypt and ova evritin wey e get. 11 Honga kon dey for di whole Egypt and
Kanaan and awa grand-grand papa dem nor si food chop. 12 So wen Jakob
hear sey food dey for Egypt, e kon send awa grand-grand papa dem go
shek if na true. 13 Wen dem kom di sekond time, Josef show ensef give en
brodas and Fero kon know Josef family. 14 Josef send message go give en
papa Jakob sey make en and all di pipol wey dey with am kom Egypt and
dem bi seventy-five wey go. 15 So Jakob and awa grand-grand papa dem
go Egypt and dem die for der. 16 Dia bone dey der till dem karry dem go
beri for Shekem for di grave wey Abraham buy from Hamor shidren.

17 "But as time dey near wen God go fulfil di promise wey e make with
Abraham; Israel pipol kon dey many inside Egypt, 18 till anoda Fero wey
nor know Josef kon dey rule. 19 E deceive and sofa awa pipol sotey e force

dem to leave dia shidren make dem die. [20] Na dat time dem born Moses
and God kon like am well-well. Moses stay for en papa house for only
three monts [21] and wen dem trowey am for river, Fero dota kon take and
train am as en own pikin. [22] So dem tish Moses all di wise tins wey Egypt
pipol dey do and e kon get wisdom for how e dey tok and wetin e dey do.
[23] But wen forty years don rish, e kon tink am sey e good make e go visit
en own Israel pipol. [24] Wen e si one man from Egypt dey opress one Israel
pesin, Moses kon defend and kill di Egypt man. [25] E tink sey en own pipol
go undastand sey God won use am take save dem, but dem nor undastand.
[26] Di next day, Moses si two Israel men dey fight and e won try setol dem.
So e tell dem, 'My pipol, una bi brodas, why una kon dey fight unasef like
dis?' [27] But di man wey dey opress en broda kon sey, 'Who give yu pawa
to rule and judge us? [28] Hope yu nor won kill mi di way yu kill dat Egypt
man yestiday?' [29] Wen di man tok like dis, Moses run go Midian, anoda
land where e stay as strenja kon born two boys for der.

[30] "Afta forty years don pass, one angel appear to am for inside wildaness
for Mount Sinai, where one bush for dey burn. [31] As Moses si dis tins, e
sopraiz well-well and wen e waka near make e si am well, e hear God vois
wey sey, [32] 'Na mi bi di God wey yor grand-grand papa Abraham, Isaak
and Jakob dey woship.' Moses start to shake and fear nor let am look too
mush. [33] But God tell am, 'Make yu pul yor shoe komot from yor leg, bikos
di place wey yu stand so, na holy Groun. [34] I don si as my pipol dey sofa
for Egypt and I don hear as dem dey kry, so I don kon save dem. Make yu
kom, bikos I won send yu go Egypt back.'

[35] "Dis Moses wey dem rijet and ask sey, 'Who make yu awa oga and
judge', naim God kon send make e bi oga and Savior thru di angel wey
appear to am for bush. [36] Na dis Moses lead dem komot from Egypt. E
still do plenty mirakles for Egypt, di Red Sea and inside di wildaness for
forty years. [37] Na dis Moses tell Israel pipol sey, 'Na from among una God
promise sey, E go raiz-up one profet wey go lead una.' [38] Na dis same man
dey with di pipol for wildaness; with di angel wey tok to am for Mount
Sinai; with awa grand-grand papa dem and e kon receive God word for
una. [39] But una papa nor gri obey am. Instead, dem nor ansa am, but dem
shange dia mind sey dem won go Egypt back. [40] Dem kon tell Aaron, 'Make
yu do juju for us wey go lead us bikos, wi nor know wetin don happen to
Moses!' [41] So dem make image wey bi like melu, sakrifice gi-am kon bigin
serve di melu wey dem take dia own hand make.

[42] "God leave dem make dem woship stars to make wetin Profet Amos
tok, happen sey, 'Israel pipol, una tink sey na mi una dey serve wen una
dey sakrifice animal for inside wildaness for forty years?' [43] 'Na bikos of
di house wey una build for "Molek and Refan", wey bi una god and juju
wey una dey woship, naim make mi send una go bi slave for Babilon.'
[44] God give di Tabanako to awa grand-grand papa dem, di house where
dem go for woship am, just as E sey make Moses build am.

[45] "Afta, awa grand-grand papa dem karry di Tabanako wey God give
dem with Joshua kon drive all di oda tribes and take dia land till di time
wey David bigin rule Israel. [46] God favor David well-well and e sey e go
build house for God [47] but na Solomon en pikin kon build am. [48] Wi know

sey God nor dey stay for house wey human being build, just as di profet
tok,
49 " 'Heaven na my chair
and na di eart I dey put my leg,
so wish kind house una go fit build for mi
or wish kind place I go stay?
50 Nor bi mi make all dis tins by mysef?'
51 "Si how una sturbon! Just as una grand-grand papa dem bi, na so
una still bi too, bikos una don make una heart strong to disobey God! 52 E
get any profet wey una grand-grand papa dem nor kill? Dem even kill di
messenja wey tok before sey, 'Di Raitious Man go kom and una go gi-am
to wiked pipol and dem go kill-am.' 53 Na una receive God law wey E send
thru en angels, but una nor obey am."

### *Dem Kill Stefen*

54 As di kansol membas hear all di tins wey Stefen tok, dem kon dey vex
well-well. 55 But Stefen, wey God dey use well-well, look strait go heaven
kon si God glory and Jesus Christ wey stand for God rite hand. 56 Naim e
shaut, "Look! I si heaven wey open and I si Jesus Christ, God Pikin, stand
for en rite hand." 57 But di pipol klose dia ear bigin shaut and all of dem
kon rush am. 58 Wen dem don drag am go outside for di temple, dem kon
start to dey stone am, den dem kon pul all dia klot give one man wey dem
dey koll Saul, make e whole. 59 As dem dey stone Stefen, e kon pray, "Oga
God, Jesus Christ, make yu receive my spirit." 60 So e fall for groun kon
shaut, "My Papa, abeg, make yu nor kount dis sin against dem." Wen e
tok so finish, e kon die.

## 8

### *Saul Ponish Di Church*

1 Saul happy wen dem dey kill Stefen.
Na from dat day trobol start for di church wey dey Jerusalem and all di
bilivers kon skata go Judea and Samaria, but na only di apostles nor run.
2 Some men wey dey holy, karry Stefen go beri afta dem don mourn for
am. 3 But Saul try to distroy di church; e dey go from house to house dey
arrest men and wimen put for prison.

### *Filip Prish For Samaria*

4 So di pipol wey skata kon dey go from place to place dey prish di gospel.
5 Filip travel go Samaria main town kon dey prish about di Mezaya give
dem. 6 Di pipol wey gada, put dia mind for wetin Filip dey tok, bikos dem
don hear and si all di mirakles wey e do. 7 Wiked spirit dey shaut and
dey komot from pipol body as dem hear God word and God heal many
pipol wey nor fit waka. 8 So all di pipol wey dey di town kon dey happy
well-well, bikos of wetin dey happen.
9 E get one strong man for di town wey dem dey koll Simon and e dey do
majik wey dey make Samaria pipol sopraiz. 10 Evribody, both small pikin
and big pipol, dey bilive wetin e dey do and dem bilive sey, "Na God gi-am
pawa!" 11 Dem dey listin to am bikos, e don tey wen e dey use majik take
dey do wonders. 12 But wen dem bilive di Good News wey Filip prish about
God Kingdom and about Jesus Christ, dem kon baptize di pipol wey bilive.

[13] Even Simon sef bilive and afta dem don baptize am, e kon dey waka
with Filip, bikos all di mirakles wey God dey do thru Filip, dey sopraiz am.
[14] Wen di apostles wey dey Jerusalem hear sey Samaria pipol don receive
God word, dem kon send Pita and John go meet dem, [15] so dat dem go pray
for di pipol, make dem for receive di Holy Spirit. [16] Bikos for dat time, dem
neva receive di Holy Spirit. Na only Jesus name dem take baptize dem.
[17] Pita and John put hand for di pipol head and dem kon receive di Holy
Spirit.
[18] Wen Simon si sey pipol dey receive di Holy Spirit as di apostles put
hand for dia head, e give di apostles money [19] kon sey, "Abeg, make una
give mi dis pawa, so dat I go fit put my hand for pipol head and dem go
receive di Holy Spirit too." [20] But Pita ansa am, "Make yu and yor money
go die! Yu tink sey yu fit buy God gift with money? [21] Yu nor get share for
inside dis tin wey God dey give, bikos God don si sey na bad tin yu won
take am do. [22] So make yu turn from sin kom meet God and from di bad
tins wey dey yor mind and pray make God forgive yu. [23] Bikos I si sey na
long-trot and bad belle dey worry yu and sin still full yor mind." [24] Simon
tell Pita, "Make yu pray to God for mi, so dat di tin wey yu tok so, nor go
happen to mi."
[25] Afta Pita and John don tell dia story and prish God word finish, dem
kon go back to Jerusalem, dey prish God word for inside Samaria, as dem
dey go.

### *Filip With Ethiopia Man*

[26] God angel kon tell Filip, "Get up make yu waka for di wildaness road
wey dem dey pass from Jerusalem go Gaza." [27] So Filip kon dey waka dey
go where di angel tell am. As e dey go, e meet one uncle wey kom from
Ethiopia, e bi offisa for Kandace wey bi Ethiopia kween and na-im dey
keep dia money. E kon woship God for Jerusalem [28] and e dey go house
back. E sidan for en horse dey read di book wey Profet Isaya rite. [29] Naim
di Holy Spirit tell Filip, "Make yu waka go meet di man." [30] So Filip run go
meet am kon hear am dey read wetin Profet Isaya rite. So e ask di man,
"Yu undastand wetin yu dey read so." [31] Di man ansa, "How I won take
undastand, unless pesin tish mi!" E kon tell Filip sey make e kom sidan
with am. [32] Na di place wey e dey read for God word bi dis,

"Dem lead am like sheep go kill
and as sheep pikin dey kwayet wen dem dey shave am,
na so too e nor open en mout.
[33] Dem disgrace am kon take pawa from en hand.
Nobody go fit tok about en shidren or en grand-shidren,
bikos dem kill-am wen e still dey yong."

[34] So di man ask Filip, "Abeg tell mi, na who dis profet dey tok about?
Na ensef, abi na anoda pesin?" [35] Filip kon start to prish di Good News
about Jesus Christ give di man from di place wey e dey read. [36] As dem
dey go, dem kon rish where wota dey, naim di man sey, "Si, wota dey
here! Wetin go make mi nor baptize naw?" [37] Filip ansa, "If yu bilive, I
go baptize yu." Di man kon sey, "I bilive sey Jesus Christ na God Pikin."
[38] So e tell di driver make e stop, Filip with am waka go where di wota dey
and e kon baptize am. [39] Wen dem kom out from di wota, God Spirit karry
Filip komot from der and di man nor si am again, but e kon dey happy as

e dey go. [40] Filip si ensef for Azotus and as e dey waka pass for di aria, e
kon dey prish di Good News for all di towns till e rish Caesaria.

# 9

*How Saul Take No Jesus Christ*

[1] As all dis tins dey happen, Saul still dey tell di disciples sey e go kill
dem. E go meet di High Priest [2] kon take pamishon to go Damaskus, so
dat if e si anybody wey dey follow Jesus Christ wey bi di Way, weda na
man or woman, e go arrest dem kom Jerusalem. [3] As e dey go, one lite
from heaven kon shine round where e dey. [4] E fall for groun kon hear one
vois wey koll en name, “Saul, Saul, wetin make yu dey ponish mi?” [5] So
e ansa, “Oga God, na who dey tok so?” Di vois ansa am, “I bi Jesus Christ
wey yu dey ponish! [6] Naw, make yu get up go inside di town and dem go
tell yu wetin yu go do.” [7] Di men wey dey follow am travel, sopraiz dey
look, bikos dem hear vois dey tok, but dem nor si anybody. [8] So Saul get
up from groun, en eye open, but e nor dey si. En friends hold en hand
kon escort am enter Damaskus. [9] E nor si at-all for three days and for dat
time, e nor chop or drink anytin.

[10] Dat time, e get one disciple for Damaskus and en name na Ananias.
God koll am for inside vishon, “Ananias”, e kon ansa, “Na mi bi dis, Oga
God.” [11] God tell am, “Get up make yu go di street wey dem dey koll ‘Strait’
and wen yu rish Judas house wey dey der, make yu look for one man, en
name na Saul and e kom from Tarsus. Yu go meet am dey pray for der.
[12] I don show am for vishon sey one man wey dem dey koll Ananias go
kom meet am and e go put hand for en head, pray for am, make e for fit
si again.” [13] But Ananias ansa, “Oga God, many pipol don tell mi about
dis man and all di wiked tins wey e don do to yor pipol for Jerusalem.
[14] E even kollect leta from di priest oga dem, wey e go take katch and trow
pipol wey bilive yu, for prison.” [15] But God tell Ananias, “Make yu go meet
am, bikos I don choose am make e karry my name to Gentile pipol, kings
and all Israel pipol. [16] True-true I go show am how e go sofa, bikos of my
name.” [17] So Ananias go di house and wen e enter, e put en hand for Saul
head kon sey, “Broda Saul, di Oga God wey show ensef to yu for road wen
yu dey kom here, na en send mi kom meet yu, so dat yu go fit si again kon
receive di Holy Spirit.” [18] At wons, sometin wey bi like fish skale fall komot
from Saul eye and e kon dey si. E get up and dem baptize am. [19] Afta e
chop finish, en body kon strong again and Saul kon stay Damaskus for
some days with di disciple.

[20] At wons, e kon start to dey prish for di sinagog sey Jesus Christ na
God Pikin. [21] Evribody wey hear am kon dey sopraiz dey ask demsef sey,
“Dis nor bi di man wey dey kill pipol wey bilive Jesus Christ? Wi tink sey
e kom here kon arrest pipol karry go give di priest oga dem.” [22] But Saul
still dey prish with pawa. E dey show sey na Jesus Christ bi di Mezaya and
di Jew pipol wey dey for Damaskus, nor fit ansa am.

*How Saul Take Komot from Damaskus*

[23] Afta some days, di Jew pipol kon dey plan to kill-am, [24] but Saul hear
wetin dem dey plan. Some pipol dey wosh for di town gate day and nite
make dem for fit kill-am wen dem si am. [25] But one nite, di pipol wey dey

follow Saul kon put am for basket, trow am down small-small from one
small window wey dey near di town fence.

### *Saul Go Back To Jerusalem*

26 Wen e rish Jerusalem, e kon try to join di disciples, but dem dey fear
am, bikos dem nor bilive sey e don bi Jesus Christ disciple. 27 So Banabas
take Saul go meet di apostles, den e tell dem how Saul take si Jesus Christ
for vishon wen e dey go Damaskus and how e bigin prish with boldness
about Jesus Christ. 28 Saul stay and waka with dem for Jerusalem and e
dey tok with boldness about Jesus Christ. 29 E bigin dey tok and argue with
di Jew pipol wey dey speak Greek, but some pipol kon dey try to kill-am.
30 Wen di brodas know about wetin dem dey plan, dem kon take am go
Caesaria and from der, dem send am go Tarsus.

31 Dat time, di church wey dey Judea, Galilee and Samaria get rest and
dis kon make dem strong as dem dey stay togeda, dey woship God with all
dia heart and as di Holy Spirit dey tok to dem. So pipol wey dey di church
kon dey plenty more-more.

### *Pita Heal Aeneas*

32 Pita dey travel from one place go anoda and e still go where di bilivers
dey for Lydda. 33 E kon meet one man for der, en name na Aeneas wey
nor fit waka since wen e bi eight years. 34 Pita kon tell am, “Aeneas, Jesus
Christ, wey bi di Mezaya, won heal yu naw. So make yu stand up, karry
yor bed!” At wons, e get up kon karry en bed. 35 All di pipol wey dey
Lydda and Sharon si wetin happen and dem kon bigin follow Jesus Christ.

### *Pita Wake Dorkas From Deat*

36 One woman dey for Joppa wey bi Jesus Christ disciple and en name
na Tabita (wey mean Dorkas for Greek language). E dey do good tins and
dey help poor pipol. 37 E sick and e kon die. Wen di pipol don wosh en
dead body, dem kon karry am put for one room for upstair. 38 Bikos Lydda
dey near Joppa, so wen di disciples hear sey Pita dey der, dem kon send
two men go koll am sey, “Make yu kom meet us at wons.” 39 So Pita get up
follow dem and wen e rish der, dem kon take am go di room for up. All
di wimen wey dia husband don die stand near Pita dey kry and dey show
am all di dress wey Dorkas make for dem, wen e dey with dem. 40 But Pita
drive all of dem go outside, den e knee down kon pray. E turn face di dead
body kon sey, “Tabita, get up!” Naim di woman open en eye and wen e si
Pita, e kon sidan. 41 Pita kon hold en hand stand up. E koll di bilivers and
all di wimen wey dia husband don die, kon give di woman to dem. 42 Wen
evribody for Joppa hear dis tin wey happen, many of dem kon bilive Jesus
Christ. 43 Pita kon stay for Joppa for many days with one man wey dem
dey koll Simon, wey dey do leda work.

## 10

### *Pita Visit Kornelius*

1 One man wey en name bi Kornelius dey stay for Caesaria and e bi
offisa for Italy soja. 2 E dey holy and en and en family dey woship God.
E dey help di pipol well-well and dey pray to God evritime. 3 One day,
around three oklok for aftanoon, e si vishon where God angel for koll am,
“Kornelius.” 4 Fear katch am as e dey look di angel, so e ansa, “Oga God,

Wetin yu wont?” Di angel tell am, “God don hear yor prayer and si all
di good tins wey yu dey do for poor pipol. 5 So, send some men go Joppa
make dem go koll one man wey en name bi Simon Pita. 6 Di man dey stay
with Simon wey dey do leda work and di house dey near di sea.” 7 Wen di
angel don go, Kornelius kon koll two of en house boys with one soja wey
dey serve am 8 and wen e don tell dem evritin wey happen, e kon send
dem go Joppa.

9 For aftanoon for di next day, as di men dey near di town, Pita kon go
di housetop go pray, 10 afta sometaim, e kon dey hongry, but di food neva
ready. As e dey wait, e kon si vishon. 11 For di vishon, e si sey heaven
open and sometin wey bi like tray, wey dem whole for en for korna kon
dey kom down small-small. 12 Difren-difren animals wey get four legs and
di ones wey dey creep for groun and difren birds dey inside di tray. 13 Den
one vois tell am, “Pita, get up, kill make yu chop.” 14 But Pita ansa, “Oga
God, I nor go fit, bikos yu know sey since dem born mi, I neva chop anytin
wey get blood or wey nor klean.” 15 But di vois tell am, “Wetin God don
make klean, make yu nor forbid am.” 16 Dis tin happen three times and di
tray kon go back to heaven.

17 As Pita still dey wonder wetin di vishon mean, di men wey Kornelius
send kon rish Simon house. 18 Dem ask if anybody wey bi Simon Pita dey
di house. 19 As Pita still dey tink about di vishon, di Holy Spirit kon tell
am, “Look! Three men dey find yu. 20 Make yu get up go meet dem and
make yu follow dem, bikos na Mi send dem kom.” 21 So Pita go down go
meet di men kon sey, “Na mi bi di pesin wey una dey look for. Wetin bring
una kom?” 22 Dem ansa, “Kornelius, di soja offisa, wey dey do good tins
and dey woship God well-well, wey all Jew pipol dey respet, na-im send
us kom. One angel kommand am sey make e invite yu kom prish gi-am.”
23 So Pita sey make dem enter house and e welkom dem well-well.

Di next day, e kon follow dem go and some brodas for Joppa, follow am
go too. 24 Afta dem don travel for one full day, dem kon rish Caesaria.
Kornelius don gada all en family and friends dey wait for dem. 25 So as
Pita enter di kompond, Kornelius knee down for en front kon dey woship
am. 26 But Pita hold am kon sey, “Stand up, bikos I bi ordinary human
being like yu.” 27 As Pita still dey follow am dey tok wen e enter di house,
e kon si sey many pipol gada dey wait am. 28 E tell dem, “Una know sey di
law nor allow us, wey bi Jew pipol, to visit Gentile pipol or follow dem do
anytin, but God don show mi sey make I nor sey anybody nor dey klean.
29 Na dis make wen una send pipol kom koll mi, I nor sey ‘No’. So make
una tell mi, ‘Why una koll mi?’ ” 30 Kornelius ansa, “For days ago, for
dis kind time for aftanoon, as I dey pray for my house, one man wey en
dress dey shine kon stand for my front. 31 E kon sey, ‘Kornelius, God don
hear yor prayer and E don remember all di good tins wey yu dey do. 32 So
make yu send pipol go Joppa go koll Simon, wey dem dey koll Pita. E dey
stay as strenja with Simon wey dey do leda work, wey e house dey near
di sea.’ 33 So, I kon send pipol go koll yu and yu do well as yu kom. Na wi
bi dis for God present, wi ready to hear wetin E sey make yu tell us.”

34 Den Pita tell dem, “Naw, I don undastand sey God nor dey opress
anybody, 35 but for evry tribe, di pesin wey fear am and dey do wetin
good, na dat pesin, E dey like. 36 Una know di message wey E send to

Israel pipol, wen E tok about di Good News wey dey give peace, thru Jesus
Christ, di real Oga God. [37] Una know wetin happen from Galilee go rish
Judea afta John prish sey, [38] Jesus Christ wey kom from Nazaret, na-im God
give di Holy Spirit and pawa. Una still know how e do good for evriwhere
kon heal pipol wey devil dey opress, bikos God dey with am. [39] All of us
si di tins wey e do for Judea and Jerusalem, but dem hang am for three
kon kill-am. [40] But God raiz am for di third day kon allow pipol si am.
[41] Nor bi evribody si am, but na di ones wey God don choose, wey follow
am chop and drink afta e don wake-up from deat. [42] E kon kommand us
make wi prish and warn pipol sey, na en ensef bi di Pesin wey God choose
make e judge pipol wey dey alive and di ones wey don die. [43] All di profets
tok about am sey, 'Evribody wey bilive am, thru en name, God go forgive
dem.' "

### *Gentile Pipol Receive Di Holy Spirit*

[44] As Pita still dey tok, di Holy Spirit kon enter inside all di pipol wey dey
hear di message. [45] Di bilivers wey bi Jew wey follow Pita go Joppa kon
sopraiz well-well sey Gentile pipol too, fit receive di Holy Spirit, [46] bikos
dem dey hear wey dem dey use difren-difren language take dey praiz God.
Den Pita sey, [47] "Anybody go fit sey make wi nor baptize all dis pipol wey
don receive di Holy Spirit, just like us?" [48] So e sey make dem baptize dem
for Jesus Christ name. Den di pipol sey make e stay with dem for some
days.

# 11

### *Pita Defend Wetin E Do*

[1] Di apostles and di brodas wey dey Judea kon hear sey Gentile pipol
too don receive God word. [2] So wen Pita rish Jerusalem, di bilivers wey bi
Jew kon bigin argue with am sey, [3] "Yu go chop with pipol wey dem nor
sekonsaiz." [4] But Pita tell dem evritin wey happen. E kon sey, [5] "As I dey
pray for Joppa I kon si vishon. For inside di vishon, I si sometin wey bi
like tray dey kom down small-small from heaven, dem hold am for four
korna and e kon stop for my front. [6] As I look inside, I kon si animals wey
get four legs, bush meat, di ones wey dey creep and difren-difren birds. [7] I
still hear one vois wey tell mi sey, 'Get up Pita, kill some, make yu chop.'
[8] But I ansa, 'Oga God, I nor fit, bikos since dem born mi, I neva chop
anytin wey nor dey klean.' [9] But di vois from heaven kon tell mi again,
'Wetin God don make klean, make yu nor forbid am!' [10] Dis tin happen
three times, den di tray kon go heaven back. [11] Na dat same time three
men wey dem send kom meet mi from Caesaria kon rish di house where
wi dey stay. [12] Di Holy Spirit kon tell mi sey make I follow dem go. Six
brodas for Joppa follow mi go too and wi kon enter di man house. [13] Di
man tell us how e si angel wey stand for en house kon tell am, 'Send pipol
go Joppa go koll Simon wey dem dey koll Pita. [14] Wen e kom, e go give
yu di message wey God go use take save yu and yor family.' [15] And wen
I start to tok, di Holy Spirit kon enter dem, just as e enter us for di first
time. [16] So I kon remember wetin di Oga God don use en own mout tell
us before sey, 'John use wota baptize pipol, but God go baptize una with
di Holy Spirit.' [17] So my pipol, if God fit give doz Gentile pipol di same gift

wey E give us afta wi bilive Jesus Christ, who I bi to stop God?” 18 Wen
dem hear wetin Pita tok, dem nor argue with am again, so dem kon start
to praiz God. Den dem sey, “Naim bi sey God don give Gentile pipol di
shance to take turn from sin kom meet am, so dat dem go get di life wey
nor dey end.”

### *Di Church For Antiok*

19 All di pipol wey skata komot from Jerusalem for di time wey dem kill
Stefen kon travel go far place like Foenicia, Cyprus and Antiok, dey prish
give only Jew pipol. 20 But some among dem wey kom from Cyprus and
Sirene kon go Antiok dey tok to di Greek pipol about di Good News wey
koncern Jesus Christ. 21 God pawa dey with dem and many pipol wey bilive
kon bigin dey follow Jesus Christ. 22 Wen di pipol for di church wey dey
Jerusalem hear di news, dem kon send Banabas go Antiok. 23 Wen e rish
der kon si how God don bless di pipol, e happy well-well kon enkourage
dem sey make dem kontinue to woship God with all dia heart. 24 Banabas
na betta pesin, di Holy Spirit dey inside am and e get faith well-well, so
many pipol kon bigin follow Jesus Christ. 25 Banabas komot from der go
find Saul for Tarsus 26 and wen e si am, e kon take am go Antiok. Banabas
and Saul stay der for one year dey tish di pipol wey dey di church and na
for der dem for first koll di disciples, “Christians.”

### *Dem Send Help Go Judea*

27 For di same time, some profets kon go Jerusalem from Antiok. 28 One
among dem wey en name bi Agabus, get up and di Holy Spirit kon put
word for en mout sey, “Heavy honga go happen for di whole world.” Dis
tin happen di time wen Klaudius dey rule. 29 So di disciples, evribody
akordin to how e fit do rish, kon sey dem go send money go give di brodas
wey dey Judea. 30 Afta dem don kontribute, dem kon send Banabas and
Saul go give di eldas di money wey dem gada.

# 12

### *Dem Kill James And Put Pita For Prison*

1 For dat time, King Herod katch some pipol wey dey go church kon sey
e go kill dem. 2 E kill James, wey bi John broda, with swod. 3 Wen e si sey
di Jew pipol happy with wetin e do, e kon arrest Pita too. (Dis tin happen
for di time wey dem dey do di bread wey nor get yist feast.) 4 Wen e don
katch Pita put for prison, e put four gangs, wey get four four soldiers each,
make dem guide am. Herod plan na to bring Pita out make e judge am for
di whole town front wen Passova don finish. 5 So as Pita dey prison, di
pipol wey dey di church dey pray to God for am, day and nite. 6 But for di
nite before dem go judge am, dem tie Pita with two shains and e sleep for
two sojas centre. Oda sojas still dey di prison front, dey guide am. 7 God
angel appear and lite kon shine for di prison. Di angel wake Pita kon tell
am, “Get up kwik-kwik!” At wons, di shains fall komot from Pita hand.
8 Di angel sey, “Wear yor klot and yor sandal.” So Pita do wetin di angel
tell am. Den di angel sey, “Wear yor koat make yu follow mi.” 9 Pita follow
am go outside. Even doh e bilive sey wetin dey happen so na true, e tink
sey na dream e dey dream. 10 Afta, en and di angel kon pass di first and di
sekond sojas group, den dem kon rish di iron gate wey go di town. Di gate
open by ensef and dem go outside kon waka pass one small street, den di

angel leave am for der. [11] Wen Pita si sey all dis tins wey dey happen nor
bi dream, e kon sey, “Naw I know sey, True-true, God send en angel kon
save mi from Herod hand and from all di tins wey di Jew pipol tink sey go
happen.”

[12] Wen Pita eye don klear, e kon waka face Mary house wey bi John
Mark mama, where many pipol gada dey pray for am. [13] Wen e nok di
door, Rhoda, one savant girl, kon ansa. [14] Wen di girl hear Pita vois, e kon
dey happy sotey e nor remember to open di door, but e run go tell dem
sey Pita dey for outside. [15] Dem ansa di girl, “Yu nor know wetin yu dey
tok!” But di girl still dey sey na Pita, so dem kon sey, “E go bi en spirit!”
[16] But Pita still dey nok and wen dem open di door si am, dem kon sopraiz.
[17] E use en hand take tell dem make dem kwayet and e kon tell dem how
God take free am from prison. E tell dem, “Make una tell James and all di
brodas dis story,” den e leave dem kon go anoda place.

[18] Wen day break, di sojas wey dey guide Pita sopraiz well-well and fear
katch dem wen dem nor si am again. [19] Wen Herod send pipol go find am
and dem nor si am, e kweshon di sojas wey dey guide Pita kon kommand
sey make dem kill all of dem. Den Herod komot from Judea go Caesaria
go stay.

### *How Herod Die*

[20] Herod kon dey vex well-well for Tyre and Sidon pipol. So dem gada
go si am. But dem kon first beg Blastus wey bi di king offisa, make e help
dem beg am, bikos na di king kountry dey supply food give dia kountry.
[21] Wen di day wey dem gri to meet am don rish, Herod kon wear en king
dress and e kon sidan for en throne dey follow dem tok. [22] But as e dey tok,
di pipol wey gada kon dey shaut, “Na god dey tok so-o, nor bi man!” [23] At
wons God angel kon nak Herod fall for groun, bikos e nor give God glory
and plenty worm kon chop en body till e die. [24] But God word kontinue to
dey spread.

[25] Banabas and Saul kon go back to Jerusalem wen dem don finish dia
work and dem take John Mark follow body.

# 13

### *Banabas And Saul Go Prish*

[1] Dis na di profets and tishas wey dey di church for Antiok: Banabas,
Simeon wey dem dey koll Naija, Lucius wey kom from Sirene, Manaen
(wey bi Herod di Tetrak friend from small pikin) and Saul. [2] As dem dey
fast and woship God, di Holy Spirit kon tell dem, “Make una separate
Banabas and Saul for di work wey I wont make dem do.” [3] Afta dem don
fast and pray finish, dem pray for Banabas and Saul kon send dem go.

### *Paul And Banabas Prish For Cyprus*

[4] So Banabas and Saul wey di Holy Spirit send kon go Seleucia and from
der, dem enter ship go Cyprus. [5] Wen dem rish Salamis, dem kon dey prish
God word for di Jew sinagog, (John dey der dey help dem.) [6] Wen dem don
cross di whole Island go rish Pafos, dem kon si one magician wey bi Jew
and na wayo profet. En name na Bar-Jesus, [7] e dey with Sergius Paulus,
one Roman offisa wey know book well-well. Di offisa invite Banabas and
Saul kom en house, bikos e won hear God word. [8] But “Elymas” wey bi

magician, (bikos na wetin en name mean bi dat) kon dey oppoz dem, so
dat di Roman offisa nor go bilive wetin dem dey prish. 9 But Saul (wey dem
dey koll Paul) wey get di Holy Spirit, look Elymas for face 10 kon tell am,
“Yu devil pikin wey nor like good tin, na so-so wayo and bad tins yu sabi
do, yu nor go stop to dey oppoz God? 11 Naw, God don raiz en hand against
yu. Yor eye go blind and yu nor go fit si for sometaim!” At wons, e eye
just blind and darkness kover en face and e kon dey take hand find pipol
make dem show am road. 12 So wen di Roman offisa si wetin happen, e
kon bilive, bikos e sopraiz well-well for wetin dem tish about Jesus Christ.

### *Paul And Banabas Go Antiok For Pisidia*

13 Paul and di pipol wey follow am kon travel from Pafos go rish Perga
wey dey for Pamfilia, but John Mark leave dem kon go back to Jerusalem.
14 Wen dem komot for Perga, dem rish Antiok for Pisidia for Sabat Day
kon enter di sinagog go sidan. 15 Afta dem don read from di law and di
profets book, di oga for di sinagog kon send message go meet dem sey,
“Awa brodas, if una get any message to take enkourage di pipol, make una
kon tok naw.” 16 So, Paul stand up raiz en hand kon sey:
“Israel and Gentile pipol wey dey fear God, make una hear wetin I won
tok: 17 Na from Israel pipol God choose awa grand-grand papa dem and E
kon make dem great for di time wey dem dey Egypt as strenja and E karry
dem komot from Egypt with en own hand. 18 For forty years, E stay with
dem for inside wildaness. 19 Afta E don distroy seven tribes for Kanaan,
E kon dash en pipol di land. 20 All dis tins happen for four hundred and
fifty years. Afta dis, E kon give dem profet wey go judge dem, until Profet
Samuel time rish. 21 Di pipol kon ask for king and God give dem Saul, wey
bi Kish pikin, wey kom from Benjamin tribe and e rule dem for forty years.
22 Afta God remove am, E kon make David dia king. Na dis man God tok
about sey, ‘I don si David, Jesse pikin, di man wey I like well-well and e go
do evritin wey I wont.’ 23 Na from dis man family God give Israel, Jesus
Christ, di Savior wey E promise dem before. 24 Before Jesus kom, John di
Baptist don prish to all Israel pipol sey make dem turn from sin kom meet
God and make e baptize dem. 25 But as John dey finish en work, e kon tok
many times sey, ‘Wetin una tink sey I bi? Nor bi mi bi di Mezaya. Make
una si, somebody dey kom afta mi. I nor rish to remove shoe from en leg!’
26 So my brodas, wey bi Abraham shidren and una wey bi Gentile pipol
wey dey fear God, na di message about how God go take save pipol, naim
wi kom tell una so. 27 Bikos di pipol wey dey stay for Jerusalem and all di
rulers nor know am, so dem kon use wetin dem dey read for Sabat Day,
wey di profets tok, take kill-am. 28 Even doh dem nor si anytin wey go
make dem kondemn am, dem still tell Pilate make e kill-am. 29 Wen dem
don do evritin wey Bible tok about am, dem bring am down from di cross
kon put am for grave. 30 But God raiz am from deat 31 and for many days,
e appear to di pipol wey dey follow am from Galilee go rish Jerusalem. Na
dis pipol kon dey bear witness sey, dis tins na true. 32 And wi dey tell una
di Good News about dis tins wey God promise awa grand-grand papa dem.
33 E don do wetin E promise us and dia shidren, wen E raiz Jesus Christ, as
dem rite am for Psalms sey, ‘Yu bi my Pikin and today, I don bi yor Papa.’
34 But bikos E don raiz Jesus Christ from deat make e nor for rotin, God
kon sey: ‘I go give yu di holy promise wey una fit trust, wey I promise

David.’ 35 E still tok for anoda Psalms sey, ‘Yu nor go allow yor Pikin wey
dey holy, make e rotin.’ 36 Bikos David, afta e don do wetin God send am
kon do among en pipol, e kon die and dem beri am with en grand-grand
papa dem and e rotin, 37 but di pesin wey God raiz-up, nor rotin. 38 So
my pipol, make una know sey, na thru dis Pesin wi dey prish sey, ‘God go
forgive una.’ 39 True am, evribody wey bilive, go dey free from evritin wey
Moses Law nor fit free dem from. 40 So make una make sure sey wetin di
profets tok for groun, nor happen to una:
41 “ ‘Una wey dey laf;
make una hear, una go sopraiz till una die!
Bikos I go do sometin for una time,
sometin wey una nor go bilive even if dem tell una.’ ”
42 As Paul and Banabas dey komot, di pipol kon dey beg dem make dem
still kon tok about all dis tins for di next Sabat Day. 43 Wen di meetin for
di sinagog don finish, many Jew and Gentile pipol wey dey fear God kon
follow Paul and Banabas, dey enkourage dem sey, make dem kontinue for
di grace wey God give dem.
44 Di next Sabat Day, nearly evribody for di town gada make dem for
hear God word. 45 But wen di Jew pipol si as di pipol plenty rish, jealousy
kon full dia mind, so dem start to oppoz wetin Paul dey tok kon dey curse
am. 46 Paul and Banabas kon use boldness take ansa dem, “E good sey na
una wi first prish God word give. But since una rijet am and una nor ready
to get life wey nor dey end, wi go-go prish give Gentile pipol. 47 Bikos dis
na wetin God don already kommand us sey: ‘I don choose una to bi lite
for Gentile pipol, make una bring salvashon kom dis world.’ ” 48 Wen di
Gentile pipol hear wetin e tok, dem start to happy kon dey tank God for en
word and evribody wey God don choose to get life wey nor dey end, kon
bilive. 49 So God word kon dey spread round di whole kountry. 50 But di
Jew pipol tok bad tins about Paul and Banabas give all di big wimen wey
dey fear God and di big-big men for di town, so dem sofa dem and drive
dem komot from di aria. 51 So wen dem don shake di land san-san wey
dey dia leg komot, dem kon go Ikonium. 52 So di disciples kon dey happy
and di Holy Spirit full dia life.

# 14

*Paul And Banabas Go Ikonium*

1 For Ikonium, Paul and Banabas go inside di Jew sinagog and dem prish
sotey many Jew and Greek pipol kon bilive God word. 2 But di Jew pipol
wey nor gri bilive, gada di Gentile pipol kon spoil dia mind against Paul and
Banabas. 3 Di apostles stay der tey well-well and dem tok with boldness
about God, wey show sey dia message about en goodness na true, bikos
E kon give dem pawa to do many mirakles and wonders. 4 But di pipol
wey dey di town kon divide; some dey di Jew side and some dey di apostle
side. 5 Di Gentile and di Jew pipol (with di oga dem wey dey rule dem) kon
dey try to sofa and stone di disciples, 6 but wen Paul and Banabas know
about am, dem kon run go Lystra and Derbe wey dey for Lykaonia and all
di aria wey dey near der 7 and dem kon kontinue to dey prish for der.

*Paul And Banabas Go Lystra*

8 For Lystra, dem meet one man wey nor fit waka since wen dem born
am. 9 Di man dey listin to Paul as e dey tok. Wen Paul look am for eye kon
si sey e get faith wey go fit heal am, 10 e tell am, "Stand up." Di man kon
jump up and e bigin waka. 11 Wen di pipol si wetin Paul do, dem kon shaut
for Lykaonia language sey, "Awa gods don turn to human being kom meet
us." 12 Dem start to koll Banabas, "Zeus" and Paul, "Hermes", bikos na
Paul dey lead dem. 13 Di priest wey dey woship di god wey dem dey koll
Zeus wey en shrine dey outside di town kon bring melu and flowers kom
di town gate; so dat en and all di pipol go sakrifice give di apostles. 14 Wen
Banabas and Paul hear about di tin wey di pipol won do, dem shaut, tear
dia klot kon run go meet di pipol sey, 15 "Why una won do dis kind tin?
Wi too na human being like una! Wi kon tell una di Good News, wey go
make una turn from sin kom meet God, wey make heaven, eart, sea and
all di tins wey dey inside dem. 16 Before-before, E let difren tribes dey do
as dem like, 17 but E nor stop to do good for una, E dey give una rain from
heaven and food from groun, so dat una go chop and belle go sweet una."
18 But as Paul and Banabas tok rish, dem nor fit stop di pipol make dem
nor do di sakrifice. 19 But afta some Jew pipol wey kom from Antiok and
Ikonium don win di pipol mind, dem kon stone Paul, drag am komot from
di town, bikos dem tink sey e don die. 20 And as di disciples gada round
am, e get up kon waka go back to di town. Di next day, en and Banabas
kon komot go Derbe.

### *Paul And Banabas Go Antiok Back*

21 Afta dem don prish God word for dat town and many pipol don turn
from sin kom meet God, dem kon go back to Lystra, Ikonium and Antiok.
22 Dem enkourage di disciples sey make dem get heart and make dem
kontinue to dey bilive sey, "Wi go must sofa well-well for pipol hand,
before wi go fit enter God Kingdom." 23 Wen dem don choose eldas wey
go lead di bilivers for di difren-difren church, dem kon pray and fast sey,
make God protet dem. 24 Dem kon leave Pisidia go Pamfilia 25 and wen
dem don prish for Perga, dem kon go Atalaya. 26 From der, dem enter ship
go Antiok, where dem for first pray for dem, for di work wey dem just
finish naw. 27 Wen dem rish Antiok, dem gada di pipol kon tell dem all di
tins wey God use dem do and how E open road for Gentile pipol to bilive.
28 So dem stay der for sometaim with di bilivers.

## 15

### *Di Meetin Wey Dem Whole For Jerusalem*

1 Some men kom from Judea kon dey tish di brodas sey, "Unless dem
sekonsaiz una di way Moses tok for di law, una nor go fit get salvashon."
2 Wen Paul and Banabas don argue with di pipol well-well, di church pipol
kon send Paul and Banabas with some oda pipol go Jerusalem go meet
di apostles and di eldas, so dat dem go ask dem about di matter. 3 So di
church send dem go and as dem dey go, dem pass Foenicia and Samaria
kon tell pipol wey dem meet for der how Gentile pipol take turn from dia
sin kom meet God and di story make all di brodas wey hear am, happy
well-well. 4 Wen dem rish Jerusalem, di whole church with di apostles and
di eldas kon welkom dem, den dem tell dem evritin wey God don use dem
do. 5 But some Farisee wey don bilive Christ stand up kon sey, "E good

make wi tell Gentile pipol make dem sekonsaiz and do evritin wey Moses
Law tok."
[6] Di apostles and di eldas kon whole meetin to tok about di matter.
[7] Afta dem don argue well-well about di matter, Pita kon stand up sey,
"My brodas, una know sey before-before, na mi God choose make e go
prish give Gentile pipol make dem hear and bilive en word. [8] And God,
wey know wetin dey inside pipol mind, don show ensef to dem wen E give
dem di Holy Spirit, just as E give us [9] and E nor do wayo between wi and
dem bikos, E make dia heart klean by faith. [10] So why una won kon try
God? Load wey wi and awa grand-grand papa dem nor fit karry, why una
dey put am for dis disciples head? [11] Wi bilive sey God save us thru grace
wey kom from Jesus Christ, just as E do for dis Gentile pipol too."
[12] Evribody wey dey for der kon kwayet dey hear wetin Banabas and
Paul dey tok and dem tell dem about di mirakles and wonders wey God
use dem do among Gentile pipol. [13] Afta dem don tok finish, James ansa,
"Awa brodas, make una hear wetin I won tok. [14] Pita don tell us how God
first choose some pipol from Gentile wey go dey tok about am. [15] Dis tins
gri with wetin di profets tok before sey:

[16] " 'Afta all dis tins, I go kom back
and I go build David house wey don fall;
I go build am with all di san wey skata for groun
and e go strong again,
[17] so evribody go kom meet God,
plus Gentile pipol wey I don koll to bi my pipol.'
God wey make all dis tins, na so E tok
[18] and E know sey na so e go bi.

[19] "So, I go sey make wi nor make tins hard for Gentile pipol wey just
start to serve God, [20] but instead, make wi rite leta go give dem sey, make
dem nor chop food wey dem sakrifice give juju and make dem nor sleep
with who dem nor marry, animal wey dem kill and di blood nor tosh groun,
make dem nor chop or drink en blood. [21] Bikos na since awa grand-grand
papa dem time dem don dey prish Moses Law for di sinagog for evry Sabat
Day."
[22] So di apostles, eldas and di whole church kon gri sey dem go send some
men follow Paul and Banabas go Antiok. Den choose Judas, wey dem dey
koll Barsabas and Silas and dem bi leaders among di brodas. [23] Na wetin
dem rite for di leta, bi dis,

"From di apostles and eldas wey bi una brodas, to all di brodas and
sistas wey bi Gentile wey dey Antiok, Siria and Silisia. Wi greet una o-o!
[24] Wi hear sey some pipol kom meet una sey dem kom from us, even
doh wi nor send dem. Dem dey konfuse and tell una wetin go disturb
una mind. [25] So all of us kon gri sey make wi choose pipol wey go follow
Banabas and Paul, wey bi awa friend, kom meet una. [26] Dis men dey
risk dia life, bikos of awa Oga God Jesus Christ name. [27] So wi send Judas
and Silas wey go tell una all dis tins by demsef. [28] Bikos wi and di Holy
Spirit nor won put heavy load for una head, so na dis small advise wi
dey give una: [29] 'Wi advise sey make una forbid meat and blood wey
dem don sakrifice give juju and any animal wey una kill wey en blood
nor tosh groun. And make una nor sleep with who una nor marry.' If
una forbid all dis tins, una go do well!"

30 So wen dem don send dem go, dem kon go Antiok and afta dem gada
evribody, dem kon give dem di leta. 31 Bikos of wetin dem rite put for di
leta, all di pipol happy wen dem read am out. 32 But Judas and Silas, wey
bi profet, enkourage di pipol and wetin dem tok kon make di pipol heart
strong. 33 Afta dem don stay der tey small, di brodas kon send dem back
with peace to di pipol wey send dem kom. 34 But Silas sey e go still stay
der for sometaim. 35 Paul, Banabas and odas kon still stay for Antiok dey
tish and prish God word.

*Paul And Banabas Separate*

36 Afta some days, Paul kon tell Banabas, "Make wi go back go visit di
brodas for all di town wey wi for prish God word, so dat wi go know how
dem dey." 37 Banabas won kon karry John Mark follow body, 38 but Paul
sey make dem nor karry am, bikos na so e take leave dem for Pamfilia
before and e nor follow dem do di work. 39 Dis matter kon kause sirious
kworel, sotey dem kon separate. Banabas take Mark follow body and dem
kon enter ship go Cyprus, 40 but Paul choose Silas and dem go meet di
brodas and sistas kon pray make God bless dem. 41 Paul pass thru Siria
and Silisia dey enkourage di pipol wey dey di church dem for der.

# 16

*Timoti Join Paul And Silas*

1 Paul kon still go Derbe and Lystra. One disciple wey dem dey koll
Timoti dey der. En mama na Jew wey bilive Christ, but en papa, na Greek.
2 Di brodas wey dey Lystra and Ikonium dey tok good about am. 3 Paul
wont make Timoti follow am, so e sekonsaiz am, bikos di Jew pipol wey
dey for di aria, know sey en papa na Greek. 4 As dem dey go from town to
town, dem kon dey pass di message wey di apostles and eldas for Jerusalem
send to all di Gentile pipol wey bilive Christ sey, make dem obey. 5 So di
pipol for di church dey strong more-more for faith and dem kon dey plenty
evriday.

*Paul Si Masidonia Man For Vishon*

6 Dem pass thru Frigia and Galatian aria, bikos di Holy Spirit warn dem
sey make dem nor prish di message for Asia. 7 Wen dem rish Mysia, dem
kon try to enter inside Bitynia, but Jesus Christ Spirit nor allow dem enter,
8 naim dem pass thru Mysia kon face Troas. 9 Paul si dis vishon for nite:
One man wey kom from Masidonia stand dey beg am sey, "Make yu kom
help us for Masidonia!" 10 Wen Paul si dis vishon finish, wi kon try to go
Masidonia. Wi kon bilive sey God don koll us make wi go prish di Good
News to di pipol wey dey der.

*Dem Rish Filippi*

11 Wi travel for wota from Troas and awa ship kon from der go
Samotrace and di next day, wi go Neapolis 12 and from der, to Filippi wey
bi nomba one town for Masidonia, wey Rome dey rule. Wi stay for dis
town for some days. 13 Wen Sabat Day rish, wi komot from di town go
di wotaside, where wi tink sey wi go si where dem for dey pray, naim
wi sidan kon start to dey tok to di wimen wey gada for der. 14 E get one
woman wey dey listin to us, en name na Lydia and e kom from Tiatira.
E dey fear God well-well and dey sell purpol klot. God open en heart to

bilive evritin wey Paul tok. 15 Afta en and en family don baptize, e kon
beg us sey, “If una don asept mi as pesin wey bilive Christ, make una kon
stay for my house.” So e beg us until wi gri.

### *Dem Arrest Paul And Silas*

16 One day, as wi dey go di place where dem for dey pray, one slave girl
wey get spirit wey dey make am si vishon, kon si us. Di girl oga dey use am
make plenty money, anytime e tell pipol wetin go happen. 17 Di girl kon
dey follow mi and Paul for back dey shaut sey, “Dis pipol na God savants
o-o, dem dey prish to una about how una go take save.” 18 E kontinue to
dey shaut like dis for many days. So di tin vex Paul well-well, naim e turn
face di girl kon tell di spirit, “I kommand yu with Jesus Christ name, komot
for dis girl body!” At wons, di spirit komot from di girl body. 19 But wen di
pipol wey get di girl si sey wetin dem take dey make money don go, dem
seize Paul and Silas kon drag dem go meet di town oga dem for di market
centre. 20 Den dem drag dem go meet di judge dem kon sey, “All dis men
dey kause wahala for dis town. Dem bi Jew 21 and dem dey tish law wey
nor bi awa own, since wi bi Rome pipol.”

22 All di pipol wey gada for der kon join put mout against dem and di
judge dem kon give orda sey, make dem remove Paul and Silas klot komot
for dia body and flog dem with heavy stik. 23 Afta dem don flog dem
well-well, dem put dem for prison kon tell di warda make e guide dem
well-well. 24 Bikos of dis strong orda, di warda put dem for inside-inside
di prison kon hook dia leg with big-big shains.

25 Wen mid-nite rish, Paul and Silas kon dey pray and sing song give God
and all di pipol wey dey di prison dey listin to dem. 26 At wons, di groun
start to shake, sotey all di wall and pilas wey dey di prison kon dey shake
too. Na wons di door open and di shains wey dem take hook di pipol wey
dey di prison, kon luz. 27 Wen di warda wake-up kon si sey all di doors for
di prison open, e bring en swod kom out, won kon kill ensef, bikos e tink
sey all di prisonas don run. 28 But Paul shaut, “Make yu nor kill yorsef, all
of us still dey for here!” 29 Naim di warda sey make dem bring lite and
e rush enter inside di prison kon fall for Paul and Silas front dey shake.
30 E bring dem kom outside kon ask, “My oga dem, wetin I go do to dey
save?” 31 Dem ansa am, “Bilive Jesus Christ and yu go save, both yu and
all yor family.” 32 Den, dem prish God word give en and all di pipol wey
dey en house. 33 Dat nite, di warda kon wosh all dia sore; den en and en
family kon baptize. 34 Di warda bring dem enter en house kon put food
for tabol make dem chop. E happy well-well sey en and en family don
bilive God. 35 Wen day break, di judge dem kon send sojas sey, “Make una
go release doz men.” 36 Di warda tell Paul, “Di judge dem don give orda
sey make wi free una. So make una kon dey go.” 37 But Paul tell di sojas,
“Dem sey make dem beat us for publik even wen dem neva judge awa
kase, even doh sey wi bi Rome pipol, dem still trow us for prison. Naw,
dem won free us from back make pipol nor for know? Wi nor gri! Make
dem kom here by demsef kon release us!” 38 Di sojas kon ripot wetin Paul
tok give di judge dem. Fear katch dem wen dem hear sey Paul and Silas
na Rome pipol, 39 so dem kon beg dem sey make dem nor vex. Afta dem
bring dem kom out, dem kon beg dem well-well sey make dem leave di

town. [40] Wen dem don komot for prison, dem enter Lydia house and wen
dem si di brodas, dem enkourage dem before dem leave di town.

# 17

*Paul And Silas For Tesalonika*

[1] Afta dem pass Amfipolis and Apollonia, dem kon rish Tesalonika where
one Jew sinagog dey. [2] Paul go meet di Jew pipol for di sinagog as e dey do
before and for three Sabat Day, e kon dey tish dem God word, [3] dey show
dem how God word sey Christ must sofa and e go raiz from grave. E tell
dem, "Dis Jesus wey I dey tell una about so, naim bi di Christ." [4] Some
among dem wey bilive kon join Paul and Silas and many Greek pipol wey
dey fear God and some big-big wimen, join dem too. [5] But di Jew pipol
dey jealous, so dem kon gada aria boys wey dey waka about for market,
take form gang to skata di town. Dem attack Jason house, bikos dem tink
sey Paul and Silas dey der, so dat dem go bring dem out kon take dem go
di town hall. [6] Wen dem nor si dem, dem kon drag Jason and some for
en brodas go meet di town oga, dey shaut, "All dis pipol wey don start
wahala for di world, don rish here too [7] and Jason put dem for en house
like visitor! Dem dey do wetin dey against Caesar law, dey tok sey anoda
king dey wey en name bi Jesus Christ!" [8] Dem kause konfushon among di
pipol wey gada and di town oga dem wey hear all dis tins. [9] Afta di oga
dem don kollect money from Jason and di brodas, dem kon allow dem go.

*Paul And Silas For Berea*

[10] At wons, di brodas send Paul and Silas go Berea for nite. Wen dem
don rish der, dem kon go di Jew sinagog. [11] Dis Jew pipol get betta mind
pass di ones wey dey for Tesalonika, bikos dem open mind take bilive di
message and dem dey read God word evriday to shek weda all di tins wey
dem hear, na true. [12] Na so many of dem take bilive, even with some big-
big men and wimen wey bi Greek. [13] But wen di Jew pipol wey dey for
Tesalonika hear sey Paul don rish Berea dey prish God word, dem kon go
der go kause wahala and spoil di pipol mind. [14] Naim di brodas send Paul
go di wotaside, but Silas and Timoti still stay for Berea. [15] Di pipol wey
follow Paul, escort am go rish Atens and afta, e orda dem sey make Silas
and Timoti kom meet am kwik-kwik for der, so dem kon go back.

*Paul Dey Atens*

[16] As Paul dey Atens dey wait for dem, e kon dey vex for en spirit, bikos
e si sey na so-so juju full di town. [17] So e tok to di Jew and Gentile pipol
wey dey fear God wey dey inside di sinagog and e still tok to evribody
wey dey di market. [18] So some wise men wey dey learn Epikurean and
Stoik kon dey tok with am and some sey, "Wetin dis mumu and toku-toku
tink sey e know wey e won tell us?" Some still sey, "E bi like sey e dey
prish about some gods from anoda tribe." (Dem tok so, bikos e dey prish
di Good News about Jesus Christ and en resureshon.) [19] So dem take Paul
go Areopagus kon tell am, "Wi beg, make yu tell us about dis new tin wey
yu dey tish so? [20] Bikos di tins wey yu dey tok, wi neva hear am before
and wi like to know wetin dem mean." [21] (Atens pipol and odas wey dey
der, nor get any oda work pass make dem sidan dey tok story about any
new tin wey dey happen.)

[22] So Paul stand for Areopagus front kon sey, "My pipol wey dey for
Atens, I si sey una like God matter well-well. [23] Bikos as I waka round dey
look all di tins wey una dey woship, I even si one shrine wey dem rite put
sey: 'To di god wey pipol nor know.' So wetin una dey woship wey una
nor know, naim I kon tell una about today. [24] God wey make di world and
evritin wey dey inside, wey bi di Oga God for heaven and eart, nor dey
stay inside house wey human being build [25] and E nor wont make human
being gi-am sometin like sey E nid anytin, bikos naim dey give life and air
wey wi dey breath. [26] Na thru one man E make all di tribes wey dey di
world and E tok di time and place where dem go find God rish, [27] so dat
as dem dey look for God, dem go si am, even doh E nor dey far from all
of us. [28] Bikos na inside am wi dey live, waka, get life and some of una
wey dey rite poem tok sey, 'Wisef na God pikin.' [29] So, as e bi sey wi bi
God pikin, make wi nor tink sey God bi like image wey human being use
gold, silva or stone take make. [30] God don forgive us for di time wen wi
nor know wetin wi dey do, but naw, E dey kommand pipol for evriwhere
sey make dem turn from sin kom meet am, [31] bikos E don choose one day
wey E go take judge di world with raitiousness thru di man wey E choose
and show evribody wen E raiz am from deat."
[32] Wen di pipol hear sey pipol go raiz from deat, some kon dey laf, but
odas sey, "Yu go tell us dis matter again." [33] So Paul kon komot from
Areopagus. [34] But some pipol wey bilive Christ kon join am. Inside dis
pipol wey bilive so, na Dionysius wey bi memba for Areopagus and one
woman wey dem dey koll Damaris, with oda pipol wey join dem.

# 18

### *Paul Dey Korint*

[1] Afta dis tins, Paul komot from Atens go Korint. [2] For der, e kon si one
Jew wey dem dey koll Akwila, wey kom from Pontus and e just kom back
from Italy with en wife Priscilla, bikos Klaudius orda sey make all Jew
pipol komot from Rome. Paul go meet dem [3] and bikos dem dey do di
same work, e kon stay with dem dey follow dem work (na tent dem dey
make sell). [4] E dey tok to both Jew and Greek pipol for di sinagog evry
Sabat Day, so dat dem go bilive.
[5] Wen Silas and Timoti kom from Masidonia, Paul kon use all en mind
dey prish di word, dey tok to Jew pipol sey, na Jesus bi di Christ. [6] Wen
dem oppoz and curse am, e shake en dress kon sey, "Make una blood dey
una head, bikos I nor do any bad tin and from today go, I go-go prish for
Gentile pipol!" [7] Den Paul komot for di sinagog go Titus Justus house; di
man na Gentile wey dey woship God and en house dey near di sinagog.
[8] Krispus, di oga for di sinagog and en family, plus many Korint pipol wey
hear about Jesus Christ, bilive and dem kon baptize dem. [9] Jesus kon tell
Paul for vishon for nite, "Make yu nor kwayet bikos of fear, but make yu
open yor mout dey tok, [10] I dey for yor side and nobody go fit do yu anytin,
bikos I get plenty pipol for dis town." [11] So Paul stay der for one year and
six monts dey tish di pipol God word.

### *Paul Face Gallio*

[12] Wen Gallio dey rule for Akaia, Jew pipol join togeda attack Paul kon
karry am go di judgement seat. [13] Dem sey, "Dis man dey bribe pipol to

woship God and dat tin dey against awa law!” 14 But just as Paul won
start to tok, Gallio kon tell di Jew pipol sey, “If na bikos of one offence
or sirious wayo, I for listin to una komplain, 15 but since na matter about
word, name and una own law, make una go setol am by unasef. I nor go
judge all doz kind tins!” 16 So e drive dem komot from di judgement seat.
17 Dem kon seize Sostenes, wey bi oga for di sinagog kon start to beat am
for di judgement seat front. But Gallio do like sey all dis tins nor koncern
am.

### *Paul Go Back To Antiok*

18 Afta Paul don stay many days for Korint, e kon tell all di brodas bye-
bye, den e enter ship go Siria, but Priscilla and Akwila follow am go. For
Cenchrea, e kon kut en hair bikos e make vow. 19 Wen dem rish Efesus,
Paul leave Priscilla and Akwila for der, but en ensef enter di sinagog go
follow di Jew pipol tok. 20 Wen dem sey make e stay with dem small, e nor
gri, 21 but e tell dem bye-bye kon sey, “If God wont, I go kom again kon
si una.” Den e enter ship from Efesus 22 and wen e rish, Caesaria pass go
Jerusalem go salot di pipol for di church wey dey der, before e go Antiok.
23 Afta e don stay small for der, Paul komot kon travel pass all di aria wey
dey Galatian and Frigia, dey enkourage all di disciples.

### *Apollos Start En Ministry*

24 E get one Jew man, en name na Apollos and e from Alexandria go
Efesus. Apollos sabi tok and e know di Bible well-well. 25 Dem don tish
am about Jesus and na with high spirit e take dey tok and tish about Jesus
Christ, but na only John baptizim e know rish. 26 E kon dey tok with
boldness for di sinagog, but wen Priscilla and Akwila hear am dey tok, dem
koll am go korna kon esplain God word gi-am well-well. 27 Wen Apollos
one cross go Akaia, di brodas enkourage am kon gi-am leta make e give di
disciples, so dat dem go welkom am. Wen e rish der, e kon join dey help di
bilivers, 28 bikos e nor gri with wetin di Jew pipol dey tok for publik and
e show dem from di Bible sey na Jesus Christ, bi di Mezaya.

## 19

### *John Di Baptist Disciples For Efesus*

1 For di same time wen Apollos dey Korint, Paul travel pass inside town
until e rish Efesus. For der, e meet some disciples 2 kon ask dem, “Una don
receive di Holy Spirit, since una don bilive Christ?” Dem ansa, “No! Wi
neva even hear sey Holy Spirit dey.” 3 Paul ask dem, “Na how dem kon
take baptize una?” Dem ansa, “Na John baptizim.” 4 Paul kon tell dem,
“John baptize pipol wey turn from sin kom meet God with wota kon tell
dem make dem bilive di pesin wey go kom afta am and na dat pesin, bi
Jesus Christ.” 5 Wen dem hear wetin Paul tok, dem kon baptize dem with
Jesus Christ name 6 and as Paul put hand for dia head, di Holy Spirit enter
dem and dem kon start to speak difren language, dey profesai. 7 (Na twelf
disciples Paul follow tok.)

### *Paul Prish For Efesus*

8 So Paul enter di sinagog kon dey tok with boldness for three monts. E
dey show di pipol how dem go take bilive God Kingdom. 9 But wen some
sturbon pipol nor gri bilive, dem kon dey spoil Jesus Christ name for all

di pipol front, so Paul with en disciples kon leave dem. Paul dey take en
disciples follow body evriday, go tish for Tirannus Hall. 10 Dis tin kontinue
for two years until evribody wey dey stay for Asia aria, weda na Jew or
Greek, hear God word.

### *Skeva Seven Shidren*

11 Dat time, God use Paul dey do many wonderful mirakles, 12 even
handkachief and klot wey dem take tosh Paul body, dey heal sick pipol
and drive evil spirit from pipol body, wen dem use am tosh dem. 13 But
some Jew wey dey waka about kon try to koll Jesus Christ name for pipol
wey evil spirit dey disturb dey sey, "I kommand yu with Jesus Christ name
wey Paul dey prish." 14 (So, Skeva wey bi Jew priest, get seven sons wey
dey do dis kind tin.) 15 But di evil spirit ansa dem, "Yes! I know who Jesus
Christ bi, I still know Paul too, but who una bi?" 16 Naim di man wey di
evil spirit dey inside en body kon jump for dia body beat dem well-well,
until dem start to beg. E beat dem till dem run komot from di house with
nakednes and all dia body full with sore. 17 Wen evribody wey dey stay
Efesus, both Jew and Greek, hear di story, fear katch dem and Jesus Christ
name kon dey reign. 18 Pipol wey nor bilive, kom out kon dey konfess all
di bad tins wey dem dey do. 19 Some wey dey do majik, bring all dia book
kon burn dem to ashes for evribody front. Wen dem add di prize for all di
book, e rish 50,000 silva koins. 20 So God word kon dey grow more-more
and dem kon dey win many souls.

### *Rayot For Efesus*

21 Afta all dis tins happen, Paul kon sey e go-go Jerusalem thru Masidonia
and Akaia. E plan sey, "Afta I don rish der, I go still go Rome." 22 So, afta
e send two men wey dey help am, Timoti and Erastus go Masidonia, e kon
still stay Asia small. 23 Dat time sirious wahala happen bikos of "Christ
Way" wey dem dey prish. 24 E get one man, en name na Demetrius and e
dey mold silva image. Na dis man mold Artemis shrine and dey help pipol
wey dey mold, make plenty money. 25 Di man kon gada all di pipol wey
dey mold, with oda men wey dey do dat kind work, den e tell dem, "My
pipol, una know sey na dis business wi take dey chop. 26 And una don si
and hear sey dis Paul don take many pipol komot from awa hand. Nor bi
only for dis Efesus, but for di whole Asia, bikos e dey tell dem sey di gods
wey dem mold, nor bi god at-all. 27 So, if wi nor do sometin, awa business
go spoil and nor bi only dat one, but pipol nor go respet di temple wey
awa juju, Artemis, dey stay again and dis woman wey di whole Asia dey
woship, nor go get pawa again."

28 Wen di pipol hear dis tins, dem vex well-well kon start to shaut,
"Artemis wey dey Efesus, na yu bi awa god!" 29 Di whole town kon dey
shake with nois and all di pipol rush go di stadium dey drag Gaius and
Aristakus and di Masidonia pipol wey dey escort Paul. 30 But wen Paul
one enter di stadium, di disciples nor allow am. 31 Even some for di oga
dem wey bi en friend, send message go meet am sey, make e nor enter
di stadium. 32 Na so all di pipol dey shaut anyhow and konfushon kon
full evriwhere, many pipol wey gada dey shaut, nor even know why dem
gada. 33 Some pipol sey na about Alexanda, bikos di Jew pipol don push
am go front. Alexanda wave en hand kon sey, make dem kwayet, make e
for fit tok to defend di Jew pipol. 34 But wen dem si sey na Jew e bi, dem

kon start to shaut again, "Artemis wey dey Efesus, na yu bi awa god!"
Dem shaut like dis rish two hours. 35 "Afta di town sekretary don make di
pipol kwayet, e kon sey, My pipol wey dey Efesus, wish pesin dey among
una wey nor know sey na Artemis bi Efesus god wey fall from heaven?
36 So bikos nobody fit argue dis matter, make una kwayet and make una
nor do anytin wey nor get head. 37 Una don bring dis men kom here, nor
bi bikos dem spoil di temple or curse awa goddes. 38 If Demetrius and di
pipol wey dey with am get any komplain against anybody, kourt dey and
judge dem dey der too. So make dem take dia kase go der. 39 But if una
wont anytin wey pass dis one, na kourt dem go for setol am. 40 Bikos dem
fit take all of us go kourt today sey wi dey rayot, bikos wi nor get any rizin
for dis konfushon wey dey happen so." 41 Afta e tok finish, e kon sey make
evribody go dia house.

# 20

*Paul Go Masidonia*

1 Afta di wahala for Efesus, Paul send for di disciples and afta e
enkourage dem, e tell dem bye-bye kon komot der go Masidonia. 2 Afta
e waka round di aria, e enkourage di bilivers wey dey der kon go Greece.
3 E stay for der for three monts. Bikos Jew pipol don plan to wait make
dem katch am, as e won enter ship go Siria, e kon go back thru Masidonia.
4 Pipol wey follow Paul go, na Sopata, wey bi Pyrrhus pikin wey kom from
Berea; Aristakus and Sekundus wey kom from Tesalonika; Gaius from
Derbe; Timoti with Tikikus and Trofimus wey kom from Asia. 5 All dis
pipol don go for front go wait us for Troas. 6 Wi enter ship from Filippi
afta di Passova Feast and afta five days, wi meet dem for Troas kon stay
der for seven days. 7 For di first day for di week, wen wi whole meetin to
break bread togeda, Paul start to tok with di pipol and bikos e won go di
next day, e kon prish till mid-nite. 8 (For di room for upstair where wi for
dey meet, lamp many for der), 9 one boy wey dem dey koll Eutikus, sidan
for di window kon dey sleep as Paul dey prish. Di sleep karry am go, so e
fall from di three story and wen dem rush go karry am, dem si sey e don
die. 10 But Paul go down, liedan on-top di boy kon put en hand round am
sey, "Make una nor worry, bikos e still dey alive!" 11 Den Paul go upstair
and afta e don break bread with dem, e follow dem tok till day break. Den
e kon komot from der. 12 Dem take di boy go house kon dey happy sey e
dey alive.

*Miletus Journey*

13 Wi waka go where di ship dey kon go Asoss, so dat wi go karry Paul
for der, bikos e plan sey e go pass land go der. 14 Wen e meet us for Asoss,
wi karry am for di sheep kon go Mitilene. 15 From der, wi move and di next
day, wi kon rish Miletus. 16 Paul don sey e go travel pass Efesus make e for
nor spend time for Asia, bikos e dey hurry make e for kwik rish Jerusalem
for Pentekost Day. 17 From Miletus, e send messenja go Efesus sey make
di eldas wey dey di church kon meet am der.

18 Wen dem kom, e tell dem, "All of una know how I dey live my life
since di time wey I dey with una and from di first day wey I enter Asia;
19 how I nor dey karry body up as I dey serve Jesus with pain and wahala

wey I dey face, bikos of di wiked plan wey Jew pipol get for mi. [20] Una
know sey I nor stop to dey tell una anytin wey go help una and I tish una
for publik and for una house. [21] I dey prish give Jew and Greek pipol sey
make dem turn from sin kom meet and serve God and put dia faith for
awa Oga God Jesus Christ. [22] Naw, di Spirit dey lead mi go Jerusalem, even
doh I nor know wetin go happen to mi for der, [23] escept sey di Holy Spirit
dey warn mi sey, from town to town, na prison and sofa dey wait for mi.
[24] But I nor kount my life to mean anytin, so dat I go fit finish my work
and di ministry wey I receive from Jesus Christ, wey bi to prish about di
Good News wey go make pipol undastand God grace.
[25] "Naw, I know sey non of una wey I prish God kingdom give, go si mi
again. [26] So, I won tell una naw sey, nobody blood dey for my head. [27] Bikos
I nor hide anytin from una, as I dey tell una about God plan. [28] Make una
take kare of unasef and all di pipol wey di Holy Spirit don put under una,
bikos na una bi di leaders for God church wey E buy with en only pikin
blood. [29] I know sey afta I don go, wiked pipol with bad mind go kom join
una and dis pipol nor go sorry for di ship. [30] Even among una, some men
go stand dey tish lie-lie tins kon draw pipol follow body. [31] So make una
shine una eye and remember sey, for day and nite for three years, I nor
stop to dey kry, as I dey warn una. [32] Naw, I leave una for God hand, so
make en word wey get grace, keep una. Dis word wey get grace fit make
una grow and get share with all God pipol. [33] Since una know mi, I nor
put eye for anybody gold, silva or koat. [34] Una know sey na dis my hand
I take dey work and get evritin wey I wont and even dey help pipol wey
dey with mi. [35] Like dis, I don show una sey wi must help pipol wey dey
weak and una remember wetin Jesus Christ tok, wen e sey, 'E betta make
pesin dey give pipol tins, dan make e dey kollect from dem.' "
[36] Wen e tok all dis tins finish, e knee down with all of dem kon pray.
[37] All of dem start to kry, as dem draw Paul near body kon dey kiss am.
[38] Wetin Paul tok, make dem weak, bikos e sey, "Una nor go si mi again."
So dem follow am go rish where di ship dey.

# 21

*Paul Go Jerusalem*

[1] Afta wi don leave dem, wi enter ship kon travel go Kos. Di next day,
wi go Rhodes and from der, wi kon go Patara. [2] Wi si one ship dey cross
go Foenicia, so wi kon enter am. [3] Afta wi rish Cyprus, wi kon leave der
travel go Siria, kom stop for Tyre, bikos di ship won put load down. [4] Wi
kon go find di disciples wey dey for di town, wen wi si dem, wi stay with
dem for seven days. Dem kon tell Paul many times sey make e nor go
Jerusalem. [5] Wen wi don stay der for sometaim, wi kon travel komot der.
All of dem with dia wife and pikin escort us go outside di town. Wi knee
down pray for di wotaside [6] kon tell dem bye-bye and as wi enter ship,
dem kon go back to dia house. [7] Wi kontinue awa journey from Tyre go
rish Ptolemais and wen wi don greet di brodas, wi stay with dem for one
day. [8] Di next day, wi leave der kon go Caesaria. For der, wi enter Filip
house. Dis Filip na evangelist and e dey among di seven deakons wey dem
choose for Jerusalem, den wi kon stay der with am. [9] (E get for dotas wey
neva marry, wey dey profesai.)

10 As wi stay der for some days, one profet wey en name na Agabus kom
from Judea. 11 E waka kon meet us, take Paul belt tie en hand and leg
kon sey, "Di Holy Spirit sey, 'Na so di Jew pipol wey dey Jerusalem go tie
di man wey get dis belt kon karry am give Gentile pipol.' " 12 Wen wi
hear wetin e tok, wi and di pipol wey dey der kon beg Paul sey make e
nor go Jerusalem. 13 But Paul ansa, "Wetin una dey do so, una dey kry
dey won break my heart? I ready, nor bi only make dem tie mi, but to
die for Jerusalem, bikos of Jesus Christ name." 14 Bikos wi nor fit stop am
again, wi kon keep kwayet and only en kon sey, "Wetin God wont make e
happen, go happen."

15 Afta dat day, wi prepare kon go Jerusalem. 16 Some disciples from
Caesaria follow us go, dem kon take us go Mnason house for Cyprus. Dis
Mnason dey among di first disciples and wi stay der with am. 17 Wen
wi rish Jerusalem, di brodas welkom us with happiness. 18 Di next day,
Paul kon follow us go si James and all di eldas wey dey der. 19 Wen Paul
don greet dem, e kon start to tok di story about wetin God don do for
Gentile pipol thru en ministry. 20 Wen dem hear wetin e tok, dem kon
dey praiz God. Den, dem tell am, "Yu si, awa broda, many Jew don bilive
and dem still dey obey di law! 21 Dem hear sey yu dey tish Jew pipol
wey dey stay with Gentile pipol, sey make dem trowey Moses Law; make
dem nor sekonsaiz dia shidren again and make dem nor follow awa laws
again. 22 So, wetin wi go do? Bikos dem go really hear sey yu don kom.
23 So make yu do wetin wi won tell yu: For men dey with us here wey
make vow; 24 take dem follow body make una go do wetin Moses Law tok
and make yu pay all di money wey dem spend take shave dia head. Den,
evribody go know sey all di story wey dem hear about yu, nor bi true and
dem go si sey yu yorsef dey obey di law. 25 But for Gentile pipol wey don
bilive, wi don rite leta go give dem sey, make dem forbid meat wey dem
sakrifice give juju; animal wey dem kill and e blood nor tosh groun and
make dem nor sleep with who dem nor marry."

26 Di next day, Paul take di men and afta e don join dem do wetin Moses
Law tok, e go di temple kon sey, dem don obey di law and dem ready to
offa di sakrifice.

27 Wen di seven days don dey finish, di Jew pipol wey kom from Asia kon
si am for di temple, naim dem start wahala and pipol kon gada. Dem seize
Paul 28 dey shaut sey, "Israel pipol, make una kom o-o! Dis na di man wey
dey tish pipol for evriwhere, about tins wey dey against awa pipol, awa
law and against dis Temple. Even sef e don take Greek pipol enter inside
di temple kon make dis Holy Place dirty." 29 (Bikos dem si Trofimus wey
kom from Efesus for di town with am before, so dem kon tink sey, Paul don
karry am enter di temple.) 30 Di whole town start to shake and all di pipol
kon gada. Dem seize Paul, drag am komot from di temple kon klose di
door. 31 As dem dey try to kill-am, news kon rish di kommanding offisa for
di Roman soja wey dey guide di town sey, di whole Jerusalem don skata.
32 At wons, e karry plenty sojas and ofisas kon run go where di pipol gada.
Wen dem si di kommanding offisa and di sojas, dem kon stop to beat Paul.
33 Den di kommanding offisa arrest am kon give orda sey make dem tie am
with two shain. E ask am who e bi and wetin e do. 34 Some pipol among di
crowd kon dey tok difren-difren tins and wen di kommanding offisa nor
fit know wetin kause di wahala, e kon give orda sey, make dem karry Paul

go barrak. [35] Wen e rish di step for di temple, di sojas kon karry Paul,
bikos of di crowd wey won kill-am. [36] So dem follow di sojas for back kon
dey shaut, “Kill-am!” [37] As dem won karry Paul enter di barrak, e kon ask
di kommanding offisa, “I go fit tok to yu first?” Di offisa ansa, “So yu dey
hear Greek language? [38] So nor bi yu bi dat Egypt man wey start wahala
kon karry 4,000 men wey dem dey koll ‘Asassins’ go inside wildaness?”
[39] Paul ansa, “I bi Jew wey kom from Tarsus wey dey Silisia. I bi citizin
for dis town and dem know mi well-well. Abeg allow mi follow di pipol
tok.” [40] Wen di kommanding offisa allow am, Paul kon stand for di step,
wave en hand sey make dem kwayet. Wen evriwhere don kwayet, e kon
use Aramaik language follow dem tok.

# 22

*Paul Defend Ensef*

[1] “My brodas and fada, make una hear mi as I dey defend mysef.” [2] (Wen
dem hear sey e dey tok to dem with Aramaik language, dem kon kwayet
well-well.) Den Paul sey, [3] “I bi Jew wey dem born for Tarsus wey dey
Silisia, but na for dis town I for grow, I go skool and learn awa grand-
grand papa dem law well-well under Gamaliel and I get mind to serve God
well-well, just as una bi today. [4] I sofa Christians and I dey kill pipol wey
dey serve God, dey tie pipol trow for prison, weda dem bi man or woman
[5] and even di High Priest and di kansol eldas know about mi. From dem,
I kollect leta go give dia brodas wey dey for Damaskus, so dat I go arrest
pipol wey bilive Christ kon bring dem kom Jerusalem put for prison. [6] As
I dey go, near Damaskus, around aftanoon, one kind lite from heaven kon
shine round mi. [7] Den I fall for groun kon hear one vois wey sey, ‘Saul,
Saul, why yu dey ponish mi?’ [8] I ansa, ‘Who yu bi Oga God?’ E kon sey, ‘I
bi Jesus Christ wey kom from Nazaret, wey yu dey ponish.’ [9] Di pipol wey
follow mi si di lite, but dem nor undastand di vois wey dey tok to mi. [10] So
I ask am, ‘Oga God! Wetin yu wont make I do?’ God ansa, ‘Get up make yu
go Damaskus; for der, dem go tell yu evritin wey God don choose sey yu
go do.’ [11] Bikos of how di lite shine for my eye, I nor fit si again, so di pipol
wey dey follow mi kon whole my hand go Damaskus. [12] One man wey
dem dey koll Ananias, wey dey holy and dey serve God akordin to di law
and di Jew pipol wey dey stay der, dey tok good about am. [13] Na di man
kom meet and stand near mi sey, ‘Broda Saul, make yu bigin si again!’
So for dat same time, I look up kon si am. [14] Den e sey, ‘God wey awa
grand-grand papa dem serve don already choose yu to do wetin e wont,
so dat yu go take yor eye si di Raitious Pesin. So make yu hear and listin
to am, [15] bikos yu go bi witness to all di pipol, about wetin yu don si and
hear. [16] Naw, wetin yu dey wait for? Get up, make dem baptize yu, so dat
God go forgive yu yor sin, as yu koll en name.’ [17] Wen I go Jerusalem back
and dey pray for di temple, I kon si vishon [18] and Jesus Christ sey, ‘Make
yu komot for Jerusalem kwik-kwik, bikos dem nor go asept wetin yu dey
tok about mi.’ [19] I ansa, ‘Oga God, dem diasef know sey I dey beat and
trow pipol wey bilive yu put for prison. [20] And wen dem kill yor savant
Stefen, I stand der support dem kon keep dia koat for dem.’ [21] But di Oga
God sey, ‘Go, bikos I go send yu go far-far go meet Gentile pipol.’ ”

*Di Soja Oga God Ask Paul Kweshon*

22 As e tok finish, pipol wey gada dey listin to am kon dey shaut, “Karry
dis man komot! Make dem nor allow am live!” 23 As dem dey shaut dey
vex pul shirt and trowey san-san, 24 di kommanding offisa kon give orda
sey make dem take Paul go inside barrak. E sey make dem flog and ask
Paul kweshon, so dat dem go fit know why di pipol dey shaut for Paul
head like dat. 25 Wen dem don put am for groun make dem start to flog
am, Paul kon ask di soja wey stand near am, “E dey rite make una flog
pesin wey bi Roman citizin, wen dem neva judge en kase?” 26 Wen di soja
hear dis, e go tell di kommanding offisa, “Wetin yu won do so? Dis man
kom from Rome o-o.” 27 So di kommanding offisa ask Paul, “Tell mi, yu bi
Roman citizin?” Paul ansa, “Yes.” 28 Di kommanding offisa kon sey, “Na
big money I spend to bi Roman citizin.” Paul ansa, “But dem born mi for
Rome.” 29 Den doz men wey bi won ask am kweshon kon komot and fear
katch di kommanding offisa wen e know sey Paul, wey dem tie, na Roman
citizin.

### *Paul With Di Sanhedrin*

30 Di next day, bikos di kommanding offisa won know di rizin wey make
di Jew pipol dey akuiz Paul, e release am kon orda di priest oga dem and
di whole kansol make dem gada. So e bring Paul kon stand for dia front.

## 23

1 Paul look di kansol pipol kon tell dem, “My brodas, I dey live my life
with klean mind for God eye kon rish today.” 2 Bikos of wetin e tok,
Ananias wey bi di High Priest kon orda di pipol wey stand near Paul sey
make dem slap am for mout. 3 So Paul tell am, “God go slap yu too, yu
wey dey pritend! Yu sidan dey judge mi with di law, yu nor dey disobey
di law wen yu sey make dem slap mi?” 4 Di pipol wey stand near am kon
sey, “Yu dey curse God High Priest?” 5 Paul ansa, “I nor know before sey
naim bi di High Priest, bikos God word sey, ‘Make yu nor tok bad about
di pesin wey dey rule yor pipol.’ ”

6 Den wen Paul know sey some pipol wey dey der na Sadusi and odas na
Farisees, e kon shaut make di whole kansol hear, “My brodas, I bi Farisee,
na Farisee pesin born mi. Dem dey judge mi today, bikos I put hope sey
pipol wey don die go wake again!” 7 Wen e tok dis tin, kworel kon start
between di Farisee and di Sadusi pipol and di kansol kon divide. 8 (Bikos
Sadusi pipol bilive sey pipol wey don die, nor go wake again and dem nor
bilive sey anytin like angel or spirit dey sef, but Farisee pipol bilive all dis
tins.) 9 So kworel kon start between dem and some oga for di law matter
wey bi Farisee pipol kon stand up dey oppoz di Sadusi pipol sey, “Wi nor
si any bad tin wey dis man do. Una know weda na spirit or angel tok to
am?” 10 Wen di argument kon too mush and di kommanding offisa dey
fear sey dem go tear Paul to pieces, e kon orda en sojas make dem enter
di meetin and karry Paul komot for der by force.

11 For nite for di next day, Jesus kon stand near Paul tell am for vishon,
“Make yu nor fear, bikos as yu don testify about mi for Jerusalem, na so
yu go still do for Rome.”

### *Dem Plan To Kill Paul*

12 Wen morning rish, some Jew pipol kon gada dey make bad plan and
dem swear sey dem nor go chop or drink anytin until dem kill Paul. 13 Di

pipol wey make dis bad plan pass forty. [14] Dem go meet di priest oga dem
and di eldas tell dem sey, “Wi don swear sey wi nor go chop anytin until wi
kill Paul. [15] So make una and di kansol tell di kommanding offisa make e
bring Paul kom meet una, like sey una one judge en kase again. Wi ready
to kill-am, before e go rish dis place.”

[16] But wen Paul sista pikin hear about dis plan, e run go inside di barrak
go tell Paul. [17] Paul koll one soja oga kon tell am, “Take dis boy go meet
di kommanding offisa, bikos e get sometin wey e won tell am.” [18] So di
soja oga take di boy go meet di kommanding offisa kon sey, “Paul, wey dey
prison, sey make I bring dis boy kon meet yu, bikos e get sometin wey e
won tell yu.” [19] Di kommanding offisa whole di boy for hand go one korna
kon ask am, “Wetin yu won tell mi?” [20] Di boy ansa, “Jew pipol dey plan
sey dem go ask yu make yu bring Paul kom di kansol tumoro, like sey
dem won ask am kweshon again. [21] So make yu nor allow dem deceive
yu, bikos dem pass forty wey hide for bush one kill-am. Dem don swear
sey dem nor go chop or drink anytin, until dem don kill Paul. Naw, dem
dey wait for yu to gri for wetin dem won ask yu.” [22] So di kommanding
offisa tell di boy make e dey go kon warn am sey, “Nor tell anybody sey
yu don ripot dis matter give mi.” [23] Den e koll two soja oga kon tell dem,
“For nine oklok dis nite, make una ready two hundred sojas wey go-go
Caesaria, plus seventy, wey go ride horse and two hundred, wey go karry
spear. [24] Make una arrange horse wey Paul go sidan put, so dat una go fit
guide am well-well go meet Felix wey bi di govnor.” [25] E rite leta like dis:

> [26] “From Klaudius Lysias to Govnor Felix, I salot yu! [27] Di Jew pipol seize
> dis man and dem nearly kill-am before I rish der with my sojas. Wi kon
> save am from dia hand, bikos I find out sey, e bi Roman citizin. [28] Bikos
> I won know di offence wey e kommit, I kon karry am go dia kansol. [29] I
> kon si sey en offence, na about wetin dem dey argue about for dia law,
> but e nor do anytin wey rish to kill-am or put am for prison. [30] Wen one
> pesin tell mi sey dem dey plan to kill-am, naim I send am kon meet yu
> at wons and I still orda di pipol wey dey akuiz am make dem kom tok
> wetin e do for yor front.”

[31] So di sojas karry Paul for nite until dem rish Antipatris, just as dia oga
kommand dem. [32] Di next day, di two soja oga leave di men wey dey ride
horse follow Paul and dem kon go dia barrak back. [33] Wen di men wey
dey ride horse rish Caesaria, dem kon take Paul and di leta give di govnor.
[34] Wen di govnor don read di leta, e ask dem where Paul from kom. Wen
e hear sey e kom from Silisia, [35] e kon sey, “I go hear yor kase wen di pipol
wey akuiz yu rish here.” Den e orda sey make dem guide Paul for inside
Herod palis.

# 24

*Dem Akuse Paul*

[1] Wen five days don pass, Ananias, wey bi di High Priest, kom with some
eldas and one lawyer wey dem dey koll Tertullus and dem read wetin dem
sey Paul do, give di govnor. [2] Wen dem orda make dem bring Paul kom
out, Tertullus tell di govnor sey, “E don tey wen wi dey enjoy peace, bikos
of how yu dey rule and all di betta-betta tins wey yu dey do take shange di
kountry. [3] Oga God Felix, wi dey si all dis tins wey yu dey do for evriwhere.
Na evriday wi dey tok about am and dey tank yu. [4] But make my story

for nor long too mush, Abeg make yu hear us well-well as yu dey always
do. [5] Bikos wi don si dis man sey e find trobol and kause wahala among
all di Jew pipol for di world and naim dey lead di gang wey dem dey koll,
'Di Nazarenes'. [6] E even take Greek pipol enter di temple, so wi kon arrest
am. [7] But Lysias, di kommanding offisa kon take am komot from awa hand
with force. [8] So wen yu ask am kweshon, yu go fit hear by yorsef all di tins
wey wi sey e do." [9] As e dey tok, di Jew pipol too dey support sey, wetin e
tok, na true.

### *Paul Defend Ensef*

[10] Wen di govnor sey make Paul tok, e kon sey, "I know sey yu don bi
judge for dis kountry for many years naw, so I nor go fear dey tok as I dey
defend mysef. [11] As yu go fit shek for yorsef, e neva pass twelf days naw
wey I go Jerusalem go woship. [12] Dem nor si mi dey argue with anybody
or dey gada crowd for di temple varanda or inside di sinagog or even for
di whole town, [13] dem nor fit show yu di offence wey dem akuiz mi sey I
kommit. [14] But I go let yu know sey I dey woship di God wey awa grand-
grand papa dem dey woship, as dia tradishon tok (wey dis pipol sey na
one kind gang). Dem bilive evritin wey di law tok and wey di profets rite
down. [15] I get hope for God (di kind one wey dis men get too) sey one day,
pipol wey don die, weda na bad or good pipol, go wake-up. [16] Na bikos
of dis I dey always try my best to get klean belle for God and pipol front.
[17] Afta many years, I kom Jerusalem back kon give gift to poor pipol and
offa sakrifice. [18] Dis na wetin I dey do wen dem si mi for di temple; I dey
klean and I nor gada any crowd or disturb anybody. [19] But some Jew from
Asia suppose dey here dey tok di tin wey dem get against mi, if dem get
anytin to tok at-all. [20] Or make dis men wey dey here tok di crime wey I
kommit as I face di kansol, [21] bikos if e pass dis one, I go shaut as I stand
for dia front sey, 'Una dey judge mi today, bikos I bilive sey pipol wey don
die, go wake-up.' "

[22] Den Felix, wey bi sey e know di true story about di Way, pospone
di kase kon sey, "Wen Lysias, di kommanding offisa kom, I go judge yor
kase." [23] E kon orda di soja oga make e guide Paul, but make e gi-am small
freedom and make e nor drive en friends if dem won gi-am anytin.

### *Paul Tok To Felix*

[24] Afta some days, wen Felix with en wife Drusilia wey bi Jew, sidan
togeda, dem kon sey make dem bring Paul, so dat dem go listin to am, as e
dey tok about how pesin go fit take bilive Jesus Christ. [25] Fear katch Felix,
as Paul dey tok about di Good News, sef kontrol and how God judgement
go take kom, so e kon tell Paul, "Make yu go first, wen I get time, I go sey
make dem bring yu kom again." [26] Bikos e dey hope sey Paul go bribe
am, naim make am sey make dem bring Paul kom meet am many times.
[27] Afta two years, Porcius Festus take-ova from Felix and bikos Felix one
make di Jew pipol happy, e kon leave Paul for prison.

## 25

### *Paul Go Meet Caesar*

[1] Wen three days don pass, Festus komot from Caesaria go Jerusalem.
[2] So di priest oga dem and all di big men among di Jew pipol kon tell am

wetin dem sey Paul do. 3 Dem beg am make e give orda sey make dem
bring Paul kom Jerusalem back, bikos dem plan to attack and kill-am for
road. 4 Den Festus ansa, Paul dey for Caesaria and mi mysef go soon go
der. 5 So e sey, "Make yor leaders follow mi go der and if dis man do anytin
wey bad, make dem akuiz am."

6 Festus nor stay rish eight or ten days wen e go Caesaria and di next day,
e sidan for di judgement seat kon give orda sey make dem bring Paul kom.
7 Wen Paul rish der, di Jew pipol wey kom from Jerusalem kon stand round
am, dey akuiz am sey e kommit sin wey dem nor fit show. 8 Paul defend
ensef sey, "I nor kommit any offence against di Jew law or di temple or
against Caesar." 9 Bikos Festus one make di Jew pipol happy, e kon ask
Paul, "Yu ready to go Jerusalem make I judge yor kase for der?" 10 Paul
ansa, "I stand for Caesar judgement seat, na here dem go for judge my
kase. I nor kommit any offence to Jew pipol and even yu yorsef know. 11 I
nor do bad and I nor kommit any offence wey dem fit take kill mi, I nor
dey try to run sey make dem nor kill mi, but if evritin wey dem tok against
mi nor bi true, nobody go fit karry mi, give dem. I sey make dem karry
my kase go give Caesar!" 12 Festus kon sey, "Yu don tok sey make Caesar
judge yor kase, so, na Caesar yu go-go meet!"

### *Paul Meet King Agrippa*

13 Afta some days, King Agrippa and Bernice go Caesaria, go salot Festus.
14 As dem dey der for many days, Festus kon tell dem about Paul kase, so
dat e go hear wetin dem go tok about di matter, so e koll Agrippa kon sey,
"One man dey for here wey Felix leave for prison. 15 Wen I dey Jerusalem,
di priest oga dem and di eldas kon tell mi about am sey make I kill-am.
16 But I ansa dem, 'Rome law nor gri make dem kondemn anybody wen
e neva face and defend ensef before pipol wey dey akuiz am.' 17 So afta
dem follow mi kom here, I kon pospone di kase, but di next day I sidan for
judgement seat kon orda make dem bring di man kom. 18 Wen pipol wey
dey akuiz am stand up, dem nor tok any bad tin against am as I bin suspet.
19 Instead, dem dey argue matter with am, about how dem dey serve God
and one man wey dem dey koll Jesus Christ wey don die, wey Paul sey e
still dey alive. 20 Bikos I nor know how I go take judge di matter, I kon ask
am weda e go like go Jerusalem make dem judge am der. 21 But Paul sey
make dem take am go Rome, so dat Caesar go judge en kase, so I kon orda
sey make dem keep am for prison, until I go fit send am go meet Caesar."
22 Agrippa kon tell Festus, "Mi too go like hear from di man." So Festus
tell am, "Yu go hear from di man tumoro."

### *Paul Stand For King Agrippa Front*

23 So di next day, Agrippa and Bernice kon dey make yanga enter di hall,
with all di big men wey dey di town. Afta Festus don give orda, dem kon
bring Paul. 24 Den Festus sey, "King Agrippa and all of una wey dey here
with us, make una si dis man wey di whole Jew pipol dey beg mi both for
here and for Jerusalem sey, make I kill. 25 But I kon si sey e nor do anytin
wey go make dem kill-am and wen e sey e won make di emperor judge en
kase, I kon gri sey I go send am go meet Caesar. 26 But I nor know wetin
I go rite go give di emperor about am. So naim make mi bring am kom
all of una and king Agrippa front, so dat afta una don kweshon am finish,

I go get sometin wey I go fit rite. 27 Bikos for my mind, e nor dey rite to
send prisona go kourt, wen yu nor rite wetin e do."

# 26

*Paul Defend Ensef*

1 So Agrippa tell Paul, "Make yu tok for yorsef naw." Den Paul raiz en
hand kon start to tok.
2 "King Agrippa, about all dis tins wey di Jew pipol dey akuiz mi sey I
do, I tank God sey I won defend mysef give yu today, 3 bikos yu know all
awa tradishon and di matter wey di Jew pipol dey akuiz mi about. So,
Abeg, make yu listin to wetin I won tok. 4 Naw, all di Jew pipol know sey
na from small pikin I dey live my life with my own pipol for Jerusalem.
5 Since dem know mi, if dem go gri kon tok, dem go gri sey na how wi
dey serve God, naim I take live as Farisee. 6 Naw, I stand make dem judge
mi, bikos I put hope for di promise wey God make give awa grand-grand
papa dem 7 sey, awa twelf tribes go gain as dem dey use all dia mind dey
serve God, both day and nite. My king, na bikos of dis hope wey I get,
naim make di Jew pipol dey akuiz mi so! 8 Why una tink sey God nor fit
raiz pipol wey don die? 9 Even mi mysef, I bilive before sey make wi fight
Jesus Christ wey kom from Nazaret. 10 And na wetin I do for Jerusalem bi
dat. Nor bi only sey I put many of di bilivers for prison with di pawa wey
di priest oga dem give mi, but I even dey support wen dem sey make dem
kill dem. 11 I ponish dem many times for all di sinagog and I try to force
dem make dem curse God. Bikos dat time, I dey vex for dem well-well, I
even travel go oda towns go sofa dem, bikos of wetin dem bilive.
12 "But one day, as I dey do all dis tins, I kon dey go Damaskus with
full pawa wey di priest oga dem give mi. 13 My king, around aftanoon for
road, I kon si one kind lite from heaven wey shine pass di sun. Di lite
shine round mi and di pipol wey dey follow mi travel. 14 Wen wi don fall
for groun, I hear one vois wey use Aramaik language tell mi, 'Saul, Saul,
why yu dey ponish mi? Yu dey fight yorsef, bikos na stone yu dey kick so.'
15 So I ask am, 'Oga God! Who yu bi?' God ansa, 'I bi Jesus Christ wey yu
dey ponish. 16 But make yu get up, bikos I don show mysef to yu and don
choose yu as my savant and witness to di tins wey yu don si and di ones
wey I go show yu. 17 I go save yu from yor own pipol and from Gentile
pipol wey I dey send yu go meet, so dat 18 yu go open dia eyes make dem
for waka komot from darkness enter lite. Make dem komot from Satan
hand, go meet God, so dat God go forgive dem dia sins and dem go follow
di pipol wey God don make klean, bikos dem bilive am.'
19 "So King Agrippa, I nor do strong head wen I receive dis vishon wey
kom from heaven, 20 but I first go Damaskus, go tell di pipol wey dey der
and den, I kon go meet di pipol wey dey for Jerusalem and Judea. Afta, I go
meet Gentile pipol sey, make dem turn from sin kom meet God and make
dem do tins wey go show sey, dem don really turn from sin kom meet God.
21 Bikos of dis, di Jew pipol seize mi for di temple front, won kon kill mi.
22 But God don dey help mi till today, so I stand dey tell evribody, weda
dem bi small pikin or big pesin. So, wetin di profets and Moses tok sey go
happen, naim I dey tell una so, 23 sey Christ sofa and e go bi di first to raiz
from deat, so dat e go show di lite to awa pipol and even Gentile pipol."

[24] As Paul dey defend ensef, Festus kon shaut, “Yu dis Paul, yu don dey
kraze o! All di plenty book wey yu know don dey won make yu mad!”
[25] But Paul ansa am, “I nor dey mad oga Festus, but na betta word wey
dey good naim I dey tok so. [26] Even di king wey I dey tok to so, I bilive
sey e know about all dis tins, bikos dem nor happen for sekret. [27] King
Agrippa! Yu bilive di tin wey di profets tok?” [28] Agrippa ask Paul, “So yu
tink sey just naw-naw, yu fit turn mi to Christian?” [29] Paul ansa, “I pray to
God sey, weda na naw or leta, nor bi only yu, but evribody wey dey here,
go bi like mi, but make una nor sofa, as I dey sofa so.”
[30] So di king, di govnor and Bernice kon get up [31] and as dem dey go, dem
kon tell each oda, “Dis man nor do anytin wey go fit make dem kill-am or
put am for prison.” [32] Agrippa kon tell Festus, “Wi for fit release dis man,
if to sey e nor sey make Caesar judge en kase.”

# 27

### *Paul Go Rome*

[1] Wen dem don gri sey wi go travel inside ship go Italy, dem kon karry
Paul and some oda prisonas give Julius, one kommander wey dey Augustan
group. [2] Wi enter one ship from Adramyttium wey won travel go difren
place for Asia sea kon bigin travel go Aristakus and one Masidonia man
wey dey stay Tesalonika, follow us. [3] Di next day, wi enter Sidon and Julius
kon do good give Paul, e allow am go meet en friends make dem fit gi-am
all di tins wey e nid. [4] From der, wi enter wota travel again face Cyprus
island, bikos breeze dey blow di ship. [5] Afta wi don travel enter di open sea
wey dey inside Silisia and Pamfilia, wi kon stop for Myra, wey dey Lycia.
[6] For der, di soja kommander kon si one ship wey kom from Alexandria
dey drive go Italy and e kon put us for inside. [7] Wi dey go small-small
for many days and nor bi small wahala before wi fit rish Cnidus. Bikos
di breeze nor make us fit go front again, wi kon drive small-small dey go
Krete, wey dey opposite Salmone. [8] Before wi rish Krete wotaside, e hard
us well-well and wi kon rish one place wey dem dey koll, “Fair Havens”
wey dey near Lasea town.

### *Heavy Breeze Whole Us*

[9] As e bi sey time don go well-well and di journey don hard like dis, bikos
di time wey dem dey fast don pass, Paul kon advise dem sey, [10] “My pipol,
I dey si sey dis journey na with wahala e go take end and nor bi only di
load and di ship go lost, but many pipol go die too.” [11] But di kommander
nor listin to am and na wetin di kaptain and di ship owner tok, naim e
bilive. [12] Bikos di place where ship dey pak put wen dem si, nor good for
kold weda; some for di pipol kon gri sey make wi dey go. Dem dey hope
sey wi go fit rish Foenix, wey dey Krete, wey face sout-west and nort-west,
so dat wi go fit spend kold sizin for der. [13] Wen one kind kwayet breeze
blow kom from sout, dem tink sey dem go fit do wetin dem plan, so dem
kon dey go small-small pass Krete wotaside. [14] Afta di kold breeze, one
strong breeze wey dem dey koll, “Hurricane”, kon dey blow kom from di
Island. [15] Wen dis breeze trap di ship and wi nor fit si well-well again, wi
leave di ship give di breeze and e kon dey karry us go where e like. [16] As
wi dey run go hide under one small island wey dem dey koll Kauda, nor
bi small wahala, before wi fit kontrol di ship. [17] Afta dem don drag di ship

komot from di wota, dem kon take rope tie am. Wi dey fear sey wi go run
around for Sirtis, so wi hook di ship for groun kon leave di breeze make
e karry us go. 18 Di next day, bikos di breeze worry us well-well, wi kon
dey trow awa load put for wota 19 and wen di third day rish, dem use dia
hand trow wetin dem take dey kontrol di ship put for wota. 20 Wen wi nor
si sun or star for many days and di breeze still dey worry us, wi kon luz
hope sey wi don die bi dat.

21 Afta dem don stay without food for many days, Paul stand for dia
front kon sey, "My pipol, if to sey una listin to mi wen I sey make wi nor
komot for Krete, wi for nor si all dis wahala. 22 Naw, I won make una
heart strong, bikos nobody go die among us, but na only di ship go skata.
23 Bikos yestiday nite, God wey I dey serve, en angel appear to mi 24 kon
sey, 'Make yu nor fear Paul! Yu must face Caesar and God go save yu and
evribody wey dey follow yu travel.' 25 So, my pipol, make una heart strong,
bikos I bilive sey na as God tell mi, na so e go bi. 26 But wi sure sey wi go
rish land."

27 Afta fourteen days, as di breeze dey karry us pass di Adriatik Sea for
mid-nite, di sailors kon dey suspet sey wi don dey near land. 28 Dem trow
long rope wey dem tie sometin put inside di wota to measure how e deep
rish and dem si sey di wota still deep rish 40 metres. Afta e don tey small,
dem trow am again kon si sey e don bi 30 metres. 29 Dem dey fear sey di
ship go jam rock for di land, so dem trow for big-big shain from di ship
back kon dey pray make day kwik break. 30 Den di sailor try to run leave
di ship, dem take di small boat for di ship, put am for wota kon dey play
wayo sey dem won go put big shain down for di ship front, 31 but Paul tell
di offisa and sojas, "Unless all dis men stay inside di ship, all of us go die."
32 So di sojas kon kut di rope for di boat make e float go.

33 As day one break, Paul enkourage dem make dem chop kon sey, "Today
make am fourteen days wey una dey worry, sotey una nor gri chop. 34 So
naw, I dey beg una to chop, bikos una nid am to survive. And nobody
among una go luz even one hair for en head." 35 Wen Paul tok finish, e
take bread kon tank God for dia front make all of dem si and e start to
chop. 36 All of dem get strong heart kon take food chop. 37 (Wi bi 276 wey
dey inside di ship.) 38 Wen dem don chop beleful, dem kon trowey all di
remainin bread inside di wota make di ship nor for heavy again.

### *Di Ship Skata*

39 Wen day break, dem nor know where dem dey, but dem si one small
land wey near di sea and dem tok for dia mind sey, if e dey possibol dem
go use di ship take enter di land. 40 So dem kut all di shains wey whole
di ship kon let dem fall inside di sea. Dem still luz di ones wey dey whole
wetin dey kontrol di ship. Dem let breeze blow di ship go front and wi kon
move face land. 41 But dem meet san-san for di sea. So di ship front kon
hook and e nor fit move again, di back skata, bikos of di way di wave dey
blow am. 42 Di sojas kon plan to kill all di prisonas make dem nor for fit
swim kon eskape. 43 But bikos di soja offisa one save Paul life, e nor kon
let dem do wetin dem plan. E kommand di pipol wey fit swim, make dem
first jump komot from di ship swim go land 44 and di rest pipol kon follow
for back, some whole di wood and odas whole di ship body wey break. Na
so all of dem take rish land and nobody die.

# 28

### *Paul For Malta*

1 Afta wi don rish land and nobody die, wi kon hear sey, na Malta dem
dey koll di island. 2 Di pipol wey dey stay for der trit us well. Dem make
fire for us, bikos rain don start to dey fall and kold dey katch us. 3 Wen
Paul dey gada plenty stik make e put inside di fire, one snake wey dem
dey koll, "Vipa", kom out bikos of di heat kon put e mout for Paul hand.
4 Wen di pipol wey dey stay der si sey di snake put e mout for Paul hand,
dem kon dey tell demsef, "E bi like sey dis man hand nor klean! Even doh
e nor die inside sea, hand don still tosh am for here!" 5 But Paul shake di
snake komot from en hand enter di fire and nor-tin do am at-all. 6 But dem
dey tink sey en body go swell-up or e go fall for groun die. So afta dem
don wait for sometaim kon si sey nor-tin happen to am, dem kon shange
mind sey, Paul na god.

7 Dat time for dat aria, Publius, wey bi di oga, get some land. E welkom
us kon give us food for three days. 8 Publius papa kon get fever and en
belle dey pain am. Paul go si am kon heal am. 9 Afta dis tin don happen,
many pipol wey nor well for der kon still kom and e heal dem. 10 Dem
kon dey praiz us well-well and wen wi won go, dem give us evritin wey
wi nid.

### *Paul Rish Rome*

11 Afta wi don dey der for three monts, wi kon enter ship from
Alexandria wey stop for di island for kold time and di sign wey dey di ship
front, na "Twins god." 12 Wi stop for Syrakuse kon stay der for three days.
13 From der wi kon rish Rhegium and afta one day, one kind breeze from
sout kon start to dey blow and di sekond day, wi kon rish Puteoli. 14 For
der, wi si some brodas and dem kon beg us to stay with dem for seven
days. Na so wi take rish Rome. 15 Wen di brodas for Rome hear about us,
dem waka until dem rish "Appius Forum" and di "Three Taverns" kom
meet us. Wen Paul si dem, e tank God and di tin kon make en heart strong
well-well. 16 Wen Paul enter Rome, dem allow am stay en own house with
di sojas wey dey guide am.

### *Paul Tok To Jew Pipol For Rome*

17 Afta three days, Paul koll all di Jew pipol oga dem togeda. Wen dem
don gada, e kon tell dem, "My pipol, even doh I nor do anytin against
awa pipol or awa grand-grand papa dem tradishon, from Jerusalem naim
dem turn mi to prisona kon karry mi give Rome pipol. 18 Wen dem don
kweshon mi, dem won release mi, bikos dem nor si anytin wey go make
dem kill mi. 19 But wen di Jew pipol nor gri make dem free mi, di tin kon
make mi sey, I won go Rome make Caesar for judge my kase, nor bi bikos
I get anytin wey I dey komplain against my pipol. 20 Bikos of dis, I kon sey
I won si and follow una tok first sey, na bikos of di hope wey Israel get,
naim make dem use dis shain tie my hand so." 21 Di pipol ansa, "Dem nor
send us any leta about yu from Judea and no one for awa brodas don kom
from der kon sey yu dey do bad tins. 22 But wi go like to hear wetin yu dey
tish from yor own mout, bikos wi know sey evribody for di whole world
dey take mout kondemn dis group wey yu dey inside."

23 Dem kon gri for di day wen dem go meet am and dem plenty wey
kom en house kon meet am. So, from morning till evening, Paul kon dey

esplain tins give dem. E dey tok about God kingdom and dey try to show
dem wetin Moses Law and di profets tok about Jesus Christ. 24 Some among
dem bilive wetin e tok, but some nor bilive. 25 So dem kon go, but dem
nor gri among demsef afta Paul sey, "Di word wey di Holy Spirit tok thru
di Profet Isaya, na true 26 sey,

" 'Una go meet and tell dis pipol sey,
"Una go dey hear, but una nor go undastand,
una go dey look, but una nor go fit si.
27 Una heart nor dey undastand
and una ear nor dey hear well again.
Devil don klose una eye, make una nor for fit si;
hear with una ears or undastand with una heart,
so dat una nor go fit turn kom meet God,
make E for heal una." '

28 "So make una know sey, dis salvashon wey God bring, dem don karry
am go meet Gentile pipol, bikos dem go asept am!" 29 Wen e tok finish, di
Jew pipol kon leave der dey vex among demsef.

30 So for two full years, Paul stay der for en own house wey e rent and
e welkom all di pipol wey kom meet am 31 kon dey tell dem about God
Kingdom. E tish dem with strong heart about Oga God Jesus Christ and
nobody fit stop am.

# Paul Leta to Roman Bilivers

## Introdushon

Na Apostle Paul rite dis leta to di bilivers wey dey Rome. Paul rite di leta to tish di Christians for Rome about di law and how pipol go kon save wen dem bilive sey na God grace bi di ansa for man sin. E esplain sey Jew pipol law nor fit defeat deat or give life, but God plan to save both Jew and Gentile pipol thru Jesus deat and resureshon. Di main lesin bi sey God dey kreate one new family and wen dem baptize pesin inside Jesus, e go get to ovakom evil pawa and freedom go bi di pesin own, as di Holy Spirit go dey lead di way in di new life.

*I Salot Una*

1 Paul wey bi Jesus savant and apostle wey e choose make e prish God
word, na en rite dis leta. 2 Na dis gospel God promise us for en Holy Book
thru en profets sey, 3 my Pikin kom dis world from David family 4 and
naim bi my only Pikin wey I wake-up from deat with di Holy Spirit pawa.
5 Na thru am, God give us favor and pawa to bi apostles and na dis pawa
wi dey use take dey koll Gentile pipol, make dem obey and bilive en name.
6 Unasef dey among di pipol wey God koll to bi Jesus Christ own. 7 Rome
pipol wey God love and koll make dem bi en own, na una I dey rite dis
leta give. Make God awa Papa for heaven and Jesus awa Oga God give una
grace and peace.

*Paul Go Rome*

8 Today, I tank my God thru en pikin Jesus Christ for all of una, bikos na
for di whole world dem dey tok about how una faith for God strong rish.
9 God wey I dey serve and prish en pikin gospel, na-im fit bear mi witness
sey I always dey remember una 10 and I always dey pray dey ask God if
E go let mi kom si una again. 11 Bikos I dey hongry to si una, so dat I go
give una di Holy Spirit blessing wey go make una strong, 12 den mi and
una go dey happy and Jesus Christ wey wi bilive, go give us rest for awa
mind. 13 My brodas and sistas, I wont make una know sey I don plan to
kom visit una many times, but God nor let mi kom until naw. Bikos I won
gain from una faith as I don do with Gentile pipol. 14 Bikos God sey make
I prish to evribody, weda na Greek or Gentile pipol or weda dem wise or
foolish. 15 Na dis make mi won kom prish God word give una wey dey
Rome.

*Pawa For God Word*

16 I nor dey shame to prish God word, bikos na-im bi di pawa wey God
take dey save doz wey bilive am, weda dem bi Jew or Gentile pipol. 17 Bikos
na di Gospel dey show how God dey take make pipol klean for en eye. From
di biginnin go rish di end, God sey, "Na only faith go make pesin dey klean
for my eye."

*God Kondemn Wiked Pipol*

18 Bikos of all di sins and bad tins wey wiked pipol dey do, God
vexnashon dey show from heaven and di sins dey kover di trut. 19 So
God ponish dem, since dem know evritin wey dem suppose to know about
God, bikos na-im show dem. 20 From di time wen God kreate di world, E
don show us di tins wey ordinary eye nor dey fit si; E show us en pawa and
life thru di tins wey E kreate. So wiked pipol nor get eskuse at-all. 21 Even
doh dem know sey God dey, dem nor dey gri gi-am glory as God. Dem nor
dey tank am for all di tins wey E dey do. Instead, na nonsense tins dem
dey do and dia wiked mind nor fit undastand di trut again. 22 Even doh
dem tink sey dem wise, dem bi fools; 23 bikos instead make dem woship
God wey dey heaven, dem kon dey woship image wey dem mold or karve
like pesin, bird, animal or snake.

24 So God don leave wiked pipol make dem dey do di bad tins wey dia
mind, wey bi sey man dey sleep with man and woman dey sleep with
woman. 25 Dem don turn di trut about God to lie. Dem dey woship di
tins wey E kreate, instead make dem serve God wey deserve all di praiz
forever! Amen.

26 Bikos of dis, God leave dem for dia yeye life. Even di wimen shange
and dem kon dey do tins wey nor good. 27 And na so too, men nor kon like
wimen again, but dem kon dey like to sleep with oda men. So, God ponish
dem bikos of wetin dem dey do.

28 Since dem nor gri put God for mind and serve am, E kon leave dem
make dem use dia bad mind dey do tins wey dem nor suppose do. 29 Wetin
full dia mind na wikedness, evil tins, long-trot, bad belle, bad-bad tins;
jealousy, to kill and fight, to lie, to keep enemy with pipol, to judge pipol
waka, 30 to tok bad about odas and hate God. Dem dey karry body up, dem
nor get respet and na bad tins full dia mind. Dem nor dey respet dia papa
and mama. 31 Dem nor get sense, dem dey promise and fail, dem nor dey
do good or sorry for pipol. 32 Aldo dem know sey God law sey, pipol wey
dey live like dat go die, yet dem nor only dey do dis tins, but dem even
dey support pipol wey dey do am.

# 2

### *God Judgement*

1 Pesin wey dey judge odas nor get eskuse for wetin e dey do and e nor
matter who en bi. Bikos wen yu judge odas and yu dey do di same tin wey
dem dey do, yu dey kondemn yorsef. 2 Wi know sey God nor dey lie wen
E dey judge pipol wey dey do bad tins. 3 Yu wey dey do tins wey yu sey
make odas nor do! Yu tink sey yu go eskape God judgement? 4 May bi una
dey take God kindness, patient and endurance as yeye tins. Una nor know
sey God dey kind, bikos E wont make una turn from sin kom meet am?
5 But una sturbones and strong heart nor let una turn from sin kom meet
God, so una dey make una ponishment many more-more, for di Day wen
God go judge di world, bikos en na judge wey nor dey support bad tins.
6 God go pay evry man akordin to wetin e do. 7 God go give life wey nor
dey end to di pipol wey dey do good, wey wont glory, honor and long life.
8 But E go show en vexnashon and ponish doz wey bikos of long-trot rijet
di trut kon dey do bad tins. 9 Anybody wey dey do bad tin, weda e bi Jew
or Gentile, must sofa and receive ponishment. 10 But God go give glory,
honor and peace to anybody wey dey do good, weda e bi Jew or Gentile,

[11] bikos God go judge evribody di same way. [12] Even doh Gentile pipol nor
get Moses Law, God still dey ponish dem wen dem sin, so Jew pipol wey
get di law, wen dem sin, na di law go judge dem. [13] Bikos yu dey hear di
law nor mean sey yu good for God eye, but na wen yu do wetin di law
tok. [14] Gentile pipol nor get di law, but dem dey use dia sense do wetin
di law tok and dat one don turn law for dem, even doh dem nor know
Moses Law. [15] Di way dem dey bihave show sey wetin Moses rite for di
law, dey dia heart and dia mind dey tell dem sey, "Dis tins dey rite and e
go kondemn or free us from wetin wi do." [16] So just as I prish give una,
na so e go bi for dat day, wen God go judge all di sekret tins wey dey pipol
heart thru Jesus Christ wey bi en pikin.

*Jew Pipol And Di Law*

[17] Wot of yu wey sey yu bi Jew? Yu wey put yor hope for di law kon
dey use God dey boast; [18] yu know wetin God wont make yu do and yu
don learn how to do good tins, bikos yu know di law. [19] Yu dey show blind
pipol road and dey help doz wey dey for darkness si lite, [20] and yu dey tish
foolish pipol and small shidren wey nor know anytin, bikos yu know sey,
di trut and evritin wey man nid to know, dey for di law. [21] Yu wey dey tish
odas, why yu nor fit tish yorsef? Yu wey dey prish sey make pipol nor tif,
yu sure sey yu nor dey tif? [22] Yu wey sey make pipol nor kommit adultery,
yu nor dey kommit adultery? Yu wey sey yu hate juju, yu nor dey take
tins wey dem keep for juju house? [23] Yu wey dey take di law boast, yu
dey bring shame to God name, bikos yu dey disobey di law! [24] Just as God
word sey, "Bikos of una wey bi Jew pipol, Gentile pipol dey take God name
make yeye."

[25] Sekonsishon get value only if yu dey do wetin di law tok, but if yu nor
dey obey di law, yu and di pesin wey dem neva sekonsaiz na di same. [26] So
if Gentile pipol wey dem nor sekonsaiz dey obey evritin for di law, yu nor
tink sey God go take dem as pipol wey dem sekonsaiz? [27] Yu nor know
sey di pesin wey dem nor sekonsaiz go judge yu wey bi Jew, since yu dey
break di law? [28] Pesin nor bi Jew bikos of wetin pipol si from outside. Di
really sekonsishon nor bi wetin pipol dey si, [29] but di really Jew na pesin
wey bi Jew for inside en heart, bikos sekonsishon nor dey tosh pesin heart.
Na di Holy Spirit dey do dis kind work, nor bi di law wey dem rite down
and dat pesin go dey receive praiz from God, even doh human being nor
praiz am.

# 3

*God Dey Good*

[1] How Jew pipol take betta pass Gentile pipol sef? Or betta tin dey bikos
dem sekonsaiz pesin? [2] E really dey good to sekonsaiz pesin! And wi know
sey na Jew pipol God first give en message. [3] But wot if some for dem nor
gri bilive? Dat mean sey God dey lie? [4] Even doh evry human being dey
lie, God nor fit lie. God word sey: "Make yu dey tok wetin bi trut; so dat
yu go fit win yor kase wen dem dey judge yu."

[5] If God nor ponish us for di bad tins wey wi dey do, e mean sey God
dey support us? No! So if God ponish us, wi go sey E dey wiked? (Na so
some pipol dey tok). [6] Wi nor fit tok so at-all! If God nor dey rite, na how
E go kon take judge di world? [7] If my lie-lie life dey show sey God word na

trut, wetin go make am kondemn mi sey I bi sina? 8 Den e go dey rite if
wi sey, "Make wi dey do bad tins so dat good tins go kom out from wetin
wi dey do?" But some pipol dey lie for my head, bikos of wetin I tok and
God go ponish dem.

### *God Kondemn Di World*

9 So wetin wi go tok? Wi go sey na wi wey bi Jew betta pass? Dat na lie!
Bikos as I don already show una, Jew and Gentile pipol dey kommit sin.
10 Just as God word sey,
"Nobody dey raitious.
11 Nobody dey wey wise or undastand God.
12 Evribody don turn leave God,
all of dem don bi yeye for God eye.
Nobody dey do wetin good at-all.
13 Na lie wey fit kill pesin full dia mout
and wiked words full dia tongue.
14 Bad belle dey dia mind
and na so-so swear dem dey swear.
15 Dem go fit kwik kill pesin.
16 Anywhere dem go,
dem must fight skata di place
17 and dem nor know how to dey kwayet.
18 Dem nor dey fear God at-all."
19 Wi know sey wetin di law tok, na for di pipol wey dey under di law.
Di law tok like dis, so dat nobody go get eskuse wen God go judge di world.
20 Nobody dey good for God eye, bikos e dey obey di law. But na thru di
law, wi take know wetin sin mean. 21 Naw, God don show us how wi go
take dey good for en eye and nor bi thru di law, even doh na so Moses Law
and di profets tok. 22 Na di faith wey pesin get for Jesus Christ go make am
dey good for God eye. Anybody wey bilive Jesus, God dey make en faith
strong, weda e bi Jew or Gentile pesin. 23 Evribody don sin and wi don fall
komot from God glory, 24 but God don make us dey rite with am thru en
free gift wey E give us, bikos of Jesus Christ wey save us. 25 Na God give us
Jesus Christ, so dat thru en blood, E go forgive us awa sins wen wi bilive
Christ. God do dis to show sey before-before, E dey patient to forgive pipol
dia sins. 26 Dis still show sey God dey rite wen E asept pipol wey bilive
Jesus Christ. E dey ponish sinnas, so dat wi go know sey en na God wey
nor like sin. Like dis, God show sey en dey rite and anybody wey bilive
Jesus Christ, E dey make dem dey rite too.
27 So, wetin make us dey boast? Wi nor fit boast at-all! Why e bi like
dis? Na bikos wi dey obey di law? No! Na bikos wi bilive Jesus Christ.
28 So, na thru faith pesin go dey rite with God, nor bi as e obey di law rish.
29 Abi na only Jew pipol God dey dia side? E nor dey Gentile pipol side
too? True-true, God dey Gentile pipol side. 30 Since na only one God dey,
E dey for Jew and Gentile pipol, bikos of dia faith. 31 So make wi trowey
di law bikos of faith? No way! E nor go work! Instead, wi go make di law
strong well-well.

## 4

### *Abraham As Ezample*

1 Na wetin Abraham awa grand-grand papa learn from dis matter? 2 If
na di good tins wey e do make am dey good for God eye, den e suppose to
dey boast for pipol, but e nor go ever fit boast for God. 3 Wetin dem rite for
God word? "Abraham bilive God thru faith and God kon si am as raitious
pesin." 4 Wen pesin work, dem must pay am en money, nor bi dash e bi,
but na money wey e work for. 5 Doz wey nor depend on wetin dem dey
do, but dem get faith and bilive sey God dey forgive sinnas, na dis faith
God dey use take forgive dem dia sins.

6 David tok di same tin wen e tok about di blessing wey pesin dey get
wen God don asept am, even doh dem nor deserve dat kind blessing. David
still sey,

7 "God don bless pipol wey E forgive
kon take dia sins komot.
8 God don bless di pesin
wey E don forgive en sins!"

9 Dis blessing wey David dey tok about so, na only Jew pipol e tok am
for, bikos dem sekonsaiz dem? No! Na still for Gentile pipol wey dem nor
sekonsaiz. Bikos wi read for God word sey, "Abraham bilive God and bikos
of en faith, God kon asept am as raitious pesin." 10 Na wen all dis tins take
happen? Na before dem sekonsaiz Abraham or afta dem sekonsaiz am?
Na before, nor bi afta dem sekonsaiz am! 11 But leta, dem sekonsaiz am.
Dis sign show sey, bikos of en faith, God don si am as raitious pesin, so dat
e go bi papa to evribody wey bilive God, pipol wey God don asept, even
doh dem neva sekonsaiz. 12 Doz wey don sekonsaiz, na Abraham bi dia
papa and dia faith bi like en own, afta dem sekonsaiz am.

### *How To Get God Promise*

13 Wen God promise Abraham and en shidren sey dem go inherit di
whole world, E do am, nor bi bikos Abraham dey obey di law, but bikos e
bilive God and God si am as raitious pesin. 14 If God promise na for only
doz wey dey obey di law, den faith nor mean anytin and God promise go
dey yuzles. 15 Di law dey bring God vexnashon, bikos where sin nor dey,
law nor go dey. 16 Na dis one make God promise dey kom by faith and wi
dey get am thru favor. Nor bi only pipol wey dey obey di law bi Abraham
shidren, but pipol wey bilive God like Abraham, naim en shidren dem bi
too, bikos na Abraham bi awa spiritual papa. 17 God word sey, "I don make
yu papa for many nashons." So for God eye, Abraham na awa papa, bikos
e get faith for God wey get pawa to raiz pipol wey don die and to kommand
tins wey nor dey before, like sey dem dey. 18 Even wen tins hard, Abraham
still bilive God and e hope sey God go do am, even wen e bi like sey nor-tin
go happen. But naw, e don bikom, "Papa for many nashons." Just as God
tell am, "Yor shidren go many like di stars wey dey heaven." 19 Abraham
nor komplain for one day, even wen e don old nearly rish hundred years.
Even doh E know sey en body don nearly die and en wife Sarah nor go fit
born again, 20 e nor doubt God promise. En faith make am strong and e
tank God for evritin. 21 E dey sure sey God go do wetin E promise. 22 Na
dis make God koll am raitious pesin.

23 Even doh God koll am "Raitious pesin", E tok dis word bikos of only
Abraham? 24 No! E tok am for wi too wey God go still asept as raitious
pipol; wi wey bilive sey God raiz Jesus Christ from deat. 25 Na awa sins

make God give Jesus Christ to dem make dem kill-am and God raiz am from deat, so dat e go make us raitious pipol.

# 5

*Peace And Joy*

1 Since faith don make us dey good for God eye, wi don get peace thru
awa Oga God Jesus Christ. 2 Na faith e take buy us so dat wi go enter God
grace, di place where wi dey naw. So wi fit boast with God glory wey wi
dey enjoy. 3 Wi still dey happy inside di wahala wey wi dey face, bikos
wi know sey trobol go make us endure, 4 and endurance dey bring good
karata, wey go make us get hope. 5 Dis hope nor dey disappoint pesin at-all, bikos God pour en love like river wey dey flow inside awa heart, thru di Holy Spirit wey E give us.

6 For di time wen wi nor fit help awasef, Christ kon die for us wey bi
sinnas. 7 Nobody go won die for anoda pesin wey dey good for God eye,
aldo somebody go fit die for pesin wey good well-well. 8 But God show
how en love for us big rish, wen E send Christ kom die for us, even doh
wi still dey sin. 9 Naw, wi dey rite bikos of Christ blood and na dis blood
go save us from God vexnashon. 10 Wi bi God enemies before, but E don
make us en friends thru en Pikin deat. Naw, since wi don bi God friends,
E go save us thru di life wey en pikin get. 11 Nor bi only dis won make us
dey happy, but wi still dey happy bikos of wetin God don do thru awa Oga God Jesus Christ wey make us bi God friends.

*Adam And Jesus Christ*

12 Na thru one man sin enter dis world and deat kom thru sin. So wi must
die, bikos evribody don sin. 13 Sin dey di world before di law kom, but if
law nor dey, wi nor go fit judge pipol sin. 14 From Adam kon rish Moses
time, na deat dey rule for dis world, even doh nor bi evribody disobey God
kommand like Adam. Dis Adam bi like Christ wey kom leta. 15 But two of
dem nor bi di same, bikos God free gift nor bi like Adam sin. Na true sey
many pipol die bikos of one man sin. But God grace big well-well and e
dey give free gift to pipol thru en pikin Jesus Christ! 16 God gift and one
man sin nor bi di same. Judgement follow di one man sin kon kondemn
evribody, but na God gift dey free us, even doh wi bi sinnas. 17 But if na
bikos of one man sin deat kill evribody, den, doz wey don get favor and Christ gift, dey good for God eye and dem go enjoy life thru Jesus Christ!

18 God go ponish evribody bikos of Adam sin. But bikos of di good tins
wey Jesus do, God don asept and give us di gift wey dey give life. 19 Bikos
Adam nor obey God, many pipol bigin sin. But since Jesus obey God, many
pipol go obey God too. 20 Di law kom so dat sin go inkrease, but where sin
get pawa, God grace strong pass am 21 and as sin dey kontrol us thru deat,
na so God grace dey rule thru raitiousness wey dey bring life wey nor dey end bikos of Jesus Christ wey bi awa Oga God.

# 6

*Life Inside Christ*

1 So wetin wi go tok? Make wi kontinue to dey sin so dat God grace go
dey with us? 2 No! Why wi wey don turn from sin go still dey live inside

am? 3 Abi una nor know sey all di pipol wey dem baptize inside Christ
don die with am? 4 Dem beri us with am wen wi baptize, so as God raiz
Christ from deat thru en pawa with glory, na so wi too go get life wey nor
dey end.
5 Bikos if wi don die with Jesus Christ thru baptizim, God go raiz us up
with am. 6 Wi know sey di pesin wey wi bi before, dem don nail am for
cross with Jesus. So awa body nor bi sin savant again. 7 Bikos pesin wey
don die, don free from sin.
8 As wi die with Christ, wi bilive sey wi go live with am. 9 Wi know sey
since God don raiz Christ up, e nor go die and deat nor get pawa for en
body again. 10 Bikos as e die, e don ovakom sin forever, so di life wey e
dey live naw, e dey live am for God. 11 So make una know sey, una don
ovakom sin too and una get life thru Jesus Christ.
12 Derfor, make una nor allow sin kontrol una body again, so dat una
nor go dey do bad tins. 13 Make una nor let Satan use una body take do
bad tins, but make una karry unasef give God as pipol wey don wake-up
from deat, so dat una go dey do good tins. 14 Sin nor go fit kontrol una,
bikos una nor dey under di law again, but na God grace dey kontrol una
naw.

### *Good Savant*

15 So na wetin wi go tok? Make wi still dey sin, bikos wi get God grace
and wi nor dey under di law again? God forbid! 16 Yu nor know sey wetin
yu give yor body to, na-im go kontrol yu? If na sin, e go kause deat, but if
na God, E go make yu dey live raitious life. 17 But wi tank God sey, even
doh una bi slave to sin before, una don use una heart dey obey all di tins
wey wi dey tish una. 18 And as e bi sey una don free from sin, una don
bikom slave to good tins. 19 (I dey tok with human being sense, bikos I
know sey una dey weak.) Before, una dey give una body like slave to bad
tins, but naw, una must use una full body take serve God, so dat una go
dey do only wetin God wont. 20 Bikos wen una bi sin savant, una nor nid
to dey raitious.
21 So wetin una gain from all doz bad tins wey una do? Na shame and
deat doz tins dey bring. 22 But naw, una don dey free from sin kon bi God
savant. Dis go make una dey holy and God go give una life wey nor dey
end. 23 Bikos, di reward for sin, na deat, but God gift wey Jesus Christ dey
give us, na life wey nor dey end.

## 7

### *Law Pawa*

1 My brodas and sistas, I know sey I dey tok to pipol wey know di law.
Na only wen pesin still dey for life, naim di law dey get pawa for en body.
2 As di law tok, woman wey don marry dey under en husband as long as di
man dey alive. But if di man die, di woman don free. 3 So if woman marry
anoda man wen en husband still dey alive, e mean sey e don kommit
adultery. But if en husband die, e don free from wetin di law tok and e
go fit marry anoda man again. 4 So my brodas and sistas, na so e bi with
una too. Una don bikom part for Jesus Christ body and una don die to di
law pawa. Naw, una dey free to bi Christ own; di pesin wey God raiz from
deat make una for dey serve am. 5 Wen wi still dey di world, di law dey

make us do bad tins wey awa body wont and all dis tins dey bring deat.
6 But naw, wi don free from di law. Wi bi like deat body and di law nor get
pawa for awa body again. Naw wi suppose to serve God with di new life
wey di Spirit dey give, nor bi di old life, wey bi to obey di law wey pesin
rite.

### *Law and Sin*

7 Dis mean sey di law nor good? No! But na di law make mi know wetin
sin bi. If to sey di law nor sey, “Nor get long-trot for anoda man tin,” I nor
for know sey I nor suppose to do dat kind tin. 8 But bikos of di law, di sin
pawa wey dey inside mi kon dey make mi tink about tins wey nor good
and if law nor dey, sin for nor get pawa for my life. 9 Before I know di
law, I dey alive, but wen I hear God kommandment, sin just enter my life
10 and I kon die. So di law wey suppose give mi life, don kill mi! 11 Since
sin pawa use di law deceive mi, I kon die. 12 But di law dey holy, rite and
good.
13 So dis mean sey na wetin good kill mi? No! But na sin pawa wey dey
inside mi, na-im kill mi; bikos e use wetin good bring deat and naw, wi dey
si how sin bad and wiked rish. 14 Wi know sey di law dey spiritual. But I
bi human being and dem don sell mi give sin. 15 I nor undastand wetin I
dey do; bikos I nor dey do wetin I won really do. Instead na wetin I nor
like, I dey do. 16 Since I dey do wetin I hate to do, e show sey di law dey
korrect. 17 Nor bi mi really dey do wetin I dey do, but na di sin pawa wey
dey inside mi. 18 I know sey wetin dey inside mi nor go let mi do good.
Even wen I won do good, I nor dey fit. 19 Instead of make I do wetin dey
good, na bad tins I dey do. 20 So if I do wetin I nor won do, e show sey
nor bi mi dey do am again, but na di sin pawa wey dey inside mi. 21 So
I si sey dis law dey work, bikos wen I won do good, na only bad tins dey
enter my mind. 22 I dey like to obey God law with my whole mind, 23 but
inside mi, I kon undastand sey sometin dey fight against my mind and e
dey make mi bi sin savant, bikos e dey kontrol my body. 24 I nor dey happy
at-all! Who go save mi from dis body wey dey push mi go die? 25 Tank
God! Jesus Christ don save mi. So, I go obey God law with my mind, even
doh sin pawa still dey inside mi.

# 8

### *Holy Spirit Life*

1 So, God nor go kondemn pipol wey bilive Jesus Christ. 2 Since di Holy
Spirit don give una life wey kom from Jesus Christ, e go free una from sin
and deat. 3 Moses Law nor fit do dis tins, bikos di yeye life wey wi dey live
don make di law weak. But God don free us wen E send en pikin kom like
human being wey bi sina, make e for sakrifice ensef for awa sins. 4 God
do so, so dat wetin di law tok, go happen wen wi obey di Spirit, instead of
awa own mind.
5 Bikos pipol wey dey live by dia own mind, dey tink of only demsef. But
evribody wey di Holy Spirit dey rule, dey tink of tins wey di Spirit wont.
6 If wi let sin rule awa mind, wi go die. But if na di Spirit dey rule us, wi go
get life and peace. 7 Pipol wey dey sin, na God enemy dem bi, bikos dem
nor obey en law, since dem nor fit obey am. 8 Doz wey dey obey sin, nor
go fit make God happy. 9 But una nor dey obey sin, instead, na as di Spirit

sey make una live, na so una dey live. 10 Christ dey live inside una. So una
dey alive, bikos God don asept una, even doh una body must die, bikos of
una sins. 11 If God Spirit wey raiz Jesus Christ from deat dey inside una,
den en wey raiz Christ from deat, go give una body life, bikos of en Spirit
wey dey inside una.

12 So my brodas and sistas, wi get work to do for God, so make wi nor
live as awa body wont. 13 Bikos if una dey follow sin, una go die. But di
Spirit pawa go kill all di bad tins wey una dey do, so dat una go get life.
14 Na doz wey God Spirit dey lead, bi God shidren. 15 Di Spirit wey God
give us nor go make us fear like slave, instead, wi bi God shidren and wi
dey koll am, "Awa Papa!" 16 Na God Spirit make us know sey wi bi God
shidren. 17 And if wi bi God shidren, den wi go inherit God propaty. Yes,
wi go follow Christ inherit God propaty, bikos if really wi sofa with am, wi
go follow am enjoy.

### *Glory For Front*

18 I dey sure sey, wi nor go fit kompare all di sofa wey wi dey sofa naw,
with di glory wey God go give us. 19 Evritin wey God kreate for dis world,
dey wait for God to show en shidren to di world. 20 Bikos of sin, di world
dey sofa from God curse naw and nor bi bikos dem wont am like dat. But
di world dey hope 21 sey one day, God go free dem from deat and wahala
and dem go-go join en shidren wey E don save. 22 Wi know sey evritin
wey God kreate, dey kry, just like di way woman wey won born dey kry.
23 Di Holy Spirit don make us dey sure of how tumoro go bi. But naw, wi
dey struggol as wi dey wait make God show sey wi bi en shidren, den E go
kon save us. 24 Na dis hope save us. But if wi don already get wetin wi dey
hope for, den wi nor nid to dey hope again. Abi who dey hope for wetin
e don already get? 25 But if wi put hope for wetin wi nor fit si, wi go take
all awa mind wait for am with patient. 26 Na so too di Holy Spirit dey help
us bikos wi dey weak. Bikos wi nor know wetin wi suppose to pray for, di
Spirit by ensef dey kry beg God, for di way awa word nor go fit esplain.
27 And God wey dey si evritin inside awa belle, know wetin dey di Spirit
mind, bikos di Spirit dey pray for all God pipol, as God wont.

28 And wi know sey evritin dey work for awa good, bikos wi love God
and dey do wetin E wont. 29 God know doz wey E don choose, so E don
make dem bi like en Pikin, so dat en pikin go bi di first-born. 30 Doz wey
God don asept, na dem E koll; doz wey E koll, na dem E make raitious and
E kon share en glory with dem.

31 Wetin wi go tok about all dis tins? If God dey for awa side, who go fit
dey against us? 32 True-true, if E let dem kill en own pikin for awa sins,
den E go fit give us evritin wey wi ask from am free of sharge! 33 Who
go fit akuiz pesin wey God don choose? Na God know who good or bad.
34 Who bi di pesin wey go kondemn us? Na Jesus Christ wey die for us; di
pesin wey God raiz from deat and naw, e dey for God rite hand side dey
pray for us. 35 Na who go fit separate us from Christ love? Na trobol or
opreshon; honga or poverty; wahala or deat; or na bikos klot nor dey to
wear? 36 As dem rite am, "Bikos of una, wi dey face deat from morning go
rish nite and wi bi like sheep wey dem won go kill." 37 Inside all dis tins,
awa joy don dey full, bikos Jesus love us! 38 But I dey sure sey, weda na
deat or life; angels or wiked pawas; tins wey dey naw or di ones wey dey

kom; 39 tins wey dey heaven; tins for under dis eart or anytin wey God
kreate, non of dem go fit separate us from God love, bikos of Jesus Christ
wey bi awa Oga God.

# 9

*God Pipol*

1 Na di trut I dey tok, na Jesus get mi and di Holy Spirit dey bear witness
for my mind sey, I nor dey lie wen I sey, 2 e dey pain mi for mind and
sorrow full my heart, 3 bikos I for like sey God go curse and separate mi
from Christ, so dat my own flesh and blood, 4 wey bi Israel pipol, go fit
asept Christ. Na dem God choose as en own shidren, E make agriment
with dem kon give dem en law. Na dem get di temple and wetin God
promise. 5 Awa grand-grand papa dem wey follow God waka before, na
from dem dis pipol from kom. So I dey pray make dem praiz God wey dey
rule evritin forever and ever! Amen.

6 Nor bi sey God promise don fail; bikos nor bi evribody wey dey Israel
really bi God pipol. 7 And nor bi all Abraham pikin bi God shidren. Instead,
God tell Abraham, “Na thru Isaak yu go get di shidren wey I promise yu.”
8 Dis mean sey di pikin wey Abraham born (Hagar pikin, Ishmael) before
God promise am, nor bi di one wey God choose. Instead, di pikin wey e
born thru God promise, na dat one bi Abraham true pikin. 9 Bikos na so
God tok for en promise, “Wen di time don rish, I go kom back and Sarah
go born boy.” 10 Nor bi only dat, bikos Rebekah shidren na one papa dem
get and naim bi awa grand-grand papa, Isaak. 11 Even before dem born di
shidren or sey dem do any bad or good tin, God tell Rebekah, “Di senior
pikin go serve en junior broda, so dat my promise go stand: 12 nor bi bikos
of wetin dem do, but na as I wont make e bi.” 13 Just as God word sey, “I
love Jakob, but I hate Esau.” 14 Wetin wi go tok? Wi go sey God dey show
parsha? No! 15 Bikos E tell Moses sey, “I go sorry for who I won sorry for
and I go show mesi to who I like show mesi to.” 16 Derfor, evritin dey for
God hand, nor bi by wetin pipol won do. 17 God tell Fero for en word sey,
“I make yu king, so dat I go use yu show my pawa and pipol go fear my
name for di whole world.” 18 So, God dey sorry for who E won sorry for
and dey ponish who E won ponish.

19 I know sey yu go ask sey, “Wetin make God dey find fault for pipol
body, since na-im make us dey do as wi dey do?” 20 But, my friend, I dey
ask, “Who yu tink sey yu bi, wey make yu dey ask God kweshon? Pot wey
dem mold fit ask di pesin wey dey mold am sey, ‘Why yu dey mold mi like
dis?’ ” 21 Di man wey mold di pot fit use di klay as e like. E fit use di klay
make two pot, one for big party and di oda one for house. 22 But God won
show sey E dey vex, so E kon use en pawa against doz wey E won ponish.
23 E dey do like dis to show en glory wen E pity for pipol wey E choose to
show en glory. 24 Weda wi bi Jew or Gentile pipol, E don choose us. 25 As
E tok for Hosea book sey,

“Doz wey nor bi my pipol before
and di pipol wey nobody love before,
I go koll dem, ‘Di pipol wey I love.’
26 For where God for tell dem sey,
‘Una nor bi my pipol,

na der dem go for still koll dem "God shidren." ' "
27 And dis na wetin Profet Isaya tok about Israel pipol, "Israel shidren
many like san-san wey dey wotaside. But na few of dem, God go save.
28 Bikos God go kwik do wetin E sey E wont do for dis world, E go kom
judge di world." 29 Just as Profet Isaya tok before sey:
"If to sey God Almighty nor save some among awa shidren,
wi for don die finish like Sodom and Gomorrah."

### *Israel Pipol Nor Bilive*

30 Wetin wi go tok? Even doh Gentile pipol nor dey raitious before, dem
don dey raitious naw, bikos of faith. 31 And Israel pipol wey dey try to do
wetin God wont, nor fit do am. 32 Why dem nor fit do am? Na bikos dem
dey try to do good like sey na by work, nor bi with faith. Na dis make dem
dey struggol kon dey fall on-top stone. 33 God word sey:
"Si, for Zion, I dey arrange stones
wey go make pipol fall,
yet doz wey bilive am,
E nor go disappoint dem."

# 10

1 My brodas and sistas, I dey wish and pray to God from my heart evriday
sey, make God save dem wey kom from Israel. 2 I know sey dem love God,
but dem nor undastand am, 3 as e bi sey dem nor know how God dey take
make pipol good, instead, dem dey try to make demsef good by dia own
pawa, since dem nor gri do wetin God wont. 4 Since Jesus Christ kom, di
law nor get pawa again and anybody wey bilive God, go dey raitious.
5 Na dis raitiousness wey di law tok, naim Moses rite about sey: "Di pesin
wey follow di law must do evritin wey di law tok." 6 But di raitiousness
wey faith dey give pesin na sey: "Nor tok for yor mind sey, 'Who go-go
heaven go bring Jesus Christ kom down? 7 Or Who go-go bring Christ kom
out from hell where dead body dey?' " 8 But wetin e tok? "God word dey
near yu. Di word wey wi dey prish near yu, e get faith and e dey yor mout
and heart." 9 But if yu konfess with yor mout sey, "Jesus Christ na Oga God
and yu bilive for yor heart sey, God raiz am from grave, yu go dey save."
10 If yu bilive and prish with yor heart give pipol sey Jesus Christ na Oga
God, God go save yu. 11 Bikos God word sey, "Anybody wey bilive am, nor
go shame." 12 Jew and Gentile pipol nor dey difren for God eye and E dey
bless evribody wey dey pray to am, 13 bikos E go save doz wey dey koll en
name.
14 How dem won take koll God make E help dem, wen dem nor bilive
am? And how dem go fit bilive, wen dem neva hear about am? How dem
go take hear about am, if nobody prish to dem? 15 How pesin go prish
God word wen God nor send am? As God word sey, "Pipol wey dey prish
di Good News dey waka well, bikos na good tins dem dey bring!" 16 But
nor bi evribody gri asept di Good News, even Profet Isaya sey, "My God,
anybody don bilive awa message?" 17 So, nobody go fit get faith wen e
neva hear di message and na thru Christ word, wi go fit hear am.
18 But make I ask, dem neva hear di message before? Yes! Dem
don hear am, bikos God word sey, "Dem prish di message and dia vois
rish evriwhere for di world." 19 I dey ask una again, "Israel pipol nor

undastand?" Moses first tok sey, "I go use pipol wey nor bi anytin, so dat
una go dey jealous dem. Na pipol wey nor get sense, na dem I go use take
make una vex." 20 And Profet Isaya even get strong heart to tell di pipol
sey, "Pipol wey nor look for mi, na dem si mi. Doz wey nor ask for mi, na
dem kon know mi well-well." 21 But Profet Isaya still tok about Israel pipol
sey, "I don dey koll dis my sturbon pipol, but dem nor dey hear word."

# 11

*God Nor Rijet En Pipol*

1 I dey ask, God don rijet Israel, en pipol? No! Mi too, na Israel pesin, I bi
Abraham pikin wey kom from Benjamin tribe. 2 God nor rijet en pipol wey
E choose from di biginnin. Dem rite for God word about how Elijah beg
God for Israel pipol sey, 3 "Oga God, dem don kill all yor profets. Dem don
skata yor altar, na only mi remain and dem dey try to kill mi too!" 4 Na
wish ansa God gi-am? E tell am, "I still get 7,000 men wey neva woship
Baal juju at-all."

5 Na so e bi naw too, some Israel pipol still dey woship God bikos of en
grace. 6 If na by grace God choose dem, dat mean sey, nor bi by pesin
pawa: Bikos if na by pesin pawa, den grace nor mean anytin again. 7 Dis
mean sey, na only few pipol for Israel fit get wetin all of dem dey find. Di
rest nor gri listin to God, bikos of dia sturbones, 8 just as God word sey:

"God make dem foolish
sotey dia eye nor dey si
and dia ear nor dey hear till today."

9 But David sey:

"Make di food wey dem dey chop,
kause trobol for dem
kon fall like stone for dia head
and make God ponish dem.
10 Make dia eye blind,
so dat dem nor go fit si.
Make wahala bend dia back forever."

11 I dey ask again, Israel pipol wey fall nor go get up again? No! But
bikos of dia sins, Gentile pipol don get salvashon and dis tin, dey make
Israel pipol jealous. 12 If Israel pipol sin fit make Gentile pipol dey save,
dat mean sey, wen Israel pipol turn go meet God, pipol wey go dey save,
go plenty well-well.

13 Naw, I dey tok to una wey bi Gentile pipol and as long as I bi una
apostle, I dey happy with di work wey I dey do, 14 so dat my pipol go dey
jealous, bikos of wetin God dey do for Gentile pipol. Dis go make dem turn
from sin kom meet God and E go save dem. 15 Bikos wen God rijet Israel
pipol, di whole world kon get salvashon. Na how e go kon bi, wen God
asept dem back? E go give life to pipol wey won die. 16 If dem give God di
first part for bread, den na God get all di bread and if dem give God tree
rut, den di whole tree don bi en own too.

17 Gentile pipol, una bi like branches wey dem add join olive tree. Una
don take di place for some branches wey God first kut komot. So una dey
enjoy di blessings, wey di rut dey give. 18 So make una nor boast, but
make una remember sey, nor bi una dey make di rut stand, but na di rut
dey support una. 19 So una go sey, "God break di branches komot, make

E for fit si place wey E go put us.” [20] True-true, God break Israel pipol
komot from di tree, bikos dem nor bilive am. But una dey where una dey,
bikos una get faith. So, make una nor dey boast, instead, make una dey
fear wetin God fit do. [21] If God nor sorry for Israel pipol wey bi di natural
branches, una tink sey E go sorry for una if una sin? [22] Naw, una don si
how God dey good and harsh. Even doh E dey vex for doz wey fall, E still
dey kind to una. And E go always dey kind to una, as long as una dey do
wetin E wont. If not, E go rijet una too. [23] If Israel pipol turn back kon
meet God, E go put dem back for di tree, bikos E get pawa to do am. [24] Una
wey bi Gentile pipol bi like olive tree branches wey dem kut for bush kon
go put for anoda betta olive tree (and e nor suppose bi like dat). Na Jew
pipol bi di betta olive tree; so e go eazy for God to join dem back to di
original tree again.

[25] My friends, I nor won make una dey boast about unasef. So I go tell
una wetin happen to Israel pipol. Some among dem sturbon well-well
and na so dem go bi until di nomba for Gentile pipol wey God wont, don
komplete. [26] Na so God go save all Israel pipol just as en word sey:

“Di pesin wey go save Israel pipol
go kom from Zion,
den Jakob shidren nor go dey do bad tins again.
[27] And na dis go bi my agriment with dem
wen I don forgive dem dia sins.”

[28] As e bi sey Jew pipol rijet God word, dem don turn to God enemy, bikos
of una wey bi Gentile pipol. But as God wont am, dem bi pipol wey E love,
bikos of dia grand-grand papa dem. [29] God nor dey take back wetin e don
already give pipol or shange en mind about di pipol wey E don choose.
[30] As for una wey bi Gentile pipol, una don disobey God before, but naw,
God don sorry for una, bikos Jew pipol nor gri obey am. [31] Bikos God don
sorry for una, E go still sorry for dem too. [32] God trit evribody as prisonas,
bikos wi nor gri do wetin E tell us. But E do am like dat, so dat E go fit
sorry for all of us.

[33] Who fit know how God big rish? Who fit know how God wisdom and
undastandin bi? Who fit esplain why God dey do wetin E dey do!

[34] Na who know wetin dey God mind?
Who go fit advise God?
[35] Wish pesin don borrow God sometin
kon sey God go pay am back?

[36] Bikos na God kreate evritin and na thru am evritin dey. Make praiz
bi en own forever and ever! Amen.

# 12

*New Life For Christ*

[1] My brodas and sistas, God dey good. So Abeg, as una dey alive, make
una dey offa una body gi-am as sakrifice. Make una dey do wetin E tok
and wetin go make belle sweet am. Na dis bi di best way to serve God.
[2] Make una nor bi like pipol for di world, but make una allow God shange
una mind, den una go know how to serve God and do tins wey dey make
belle sweet am.

*Respet*

3 By di grace wey God give mi, I dey tell all of una, make una nor tink
sey una too dey important. Instead, make una use good sense tink and
undastand di faith wey God give una. 4 Pesin body get difren parts and all
di parts get dia own work. 5 Na so e bi with us. Wi many, but wi bi difren
parts for Christ body and wi bilong to each oda. 6 True God grace, E don
give us difren-difren gift to use. If wi dey profesai, make wi do am akordin
to di faith wey wi get. 7 If wi dey serve odas, make wi serve dem well. If
wi dey tish, make wi tish well. 8 If wi dey prish, make wi prish well. If wi
dey give, make wi do am with betta mind. If wi dey lead odas, make wi
do awa best. If wi dey do good to odas, make wi do am with happiness.

*Love*

9 Make wi love each oda well-well. Make una hate anytin wey dey bad,
but una must love anytin wey get trut. 10 Make una love each oda like
brodas and sistas and make una respet oda pipol pass unasef. 11 Make
una nor taya, but with di Holy Spirit help, make una serve God with betta
mind. 12 Make una let una hope give una happiness. Make una dey patient
wen trobol kom and nor stop to pray. 13 Make una give food to God pipol
wey dey hongry and make una dey welkom dem for una house. 14 Make
una nor curse pipol wey dey opress una, but make una pray make God
bless dem. 15 Wen pipol dey happy, make una follow dem happy and
wen dem dey kry, make una follow dem kry too. 16 Make una try to bi
friend with evribody. Make una nor karry body up kon feel sey una wise
pass evribody, instead, make una dey make friend with doz wey nor dey
important. 17 Make una nor pay evil for evil, but make sure sey wetin una
dey do, good for God and pipol eye 18 and make una try to live for peace
with evribody. 19 Make una nor try to pay anybody for di bad tin wey dem
do una, but make una leave am for God, bikos God word sey, “Na mi go
revensh for una. I go pay dem back.” 20 God word still sey, “If yor enemy
dey hongry, make yu gi-am food chop, if en troat dry, make yu gi-am wota
drink, bikos as una dey do so, na wahala una dey karry put for en head.”
21 So, make una nor let bad tins kontrol una, but make una let di good tins
wey una dey do, plenty pass wikedness.

# 13

*Obey Rulers*

1 Make evribody obey di pipol wey dey rule dem. Bikos na only God
dey give authority and put pipol for pawa. 2 So anybody wey dey disobey
dia ruler, dey disobey God and God go ponish am. 3 Bikos doz wey dey do
good, nor go get problem with dia rulers, so dem nor nid to fear. Make
una just do wetin dey good and dem go praiz una. 4 Bikos all rulers na
God savant and na dia duty to help una. If una do bad, den make una
fear, bikos dis rulers get pawa to ponish una. Dem bi God savants wey
dey ponish doz wey do bad tins. 5 But una must obey di rulers, bikos una
know sey naim bi di rite tin to do, nor bi bikos God go vex for una. 6 Una
must still pay una tax too. Di rulers na God savants and na dia work to
kare for all dis matter. 7 Make una pay evritin wey una dey whole; weda
na tax, respet or honor.

*Love One Anoda*

[8] Make love bi di only tin wey yu dey whole! If yu love odas, yu
don do evritin wey di law tok. [9] Di law get difren-difren kommand like,
“Nor kommit adultery; nor kill pesin; nor tif; nor put eye for anoda man
propaty.” All dis na just one kommand wey sey, “Make pipol love odas,
just as dem love diasef.” [10] If yu love pesin, yu nor go do am bad. So, na
love bi di main tin wey di law dey tok about.

*Bihave Yorsef*

[11] Since una know di time wey wi dey naw, make una dey bihave well,
bikos di time don rish wen una go wake-up from sleep. Una know sey di
day wey God go give us salvashon, don near well-well pass as e bi wen wi
first bilive. [12] Nite don nearly finish and day go soon break. So make wi
stop to bihave like pipol wey dey darkness and make wi ready to waka for
lite. [13] So make wi dey bihave well as pipol dey do for day time. Nor go
anyhow party or drink too mush, den kon dey bihave anyhow. Nor kworel
or judge pipol. [14] Instead, make una wear Jesus Christ like klot for body.
Den wi nor go do di tins wey awa body wont.

# 14

*Nor Judge Odas*

[1] Make una dey welkom God pipol. Even doh dia faith nor too strong,
make una nor curse dem, bikos of wetin dem dey tink sey dey good or
bad. [2] Some pipol tink sey e dey rite to chop any food and odas wey dia
faith dey weak, dey chop only vegitabol. [3] Since God dey welkom evribody,
make una nor kondemn odas bikos dem chop or dem nor chop wetin una
like. [4] Wish rite yu get to kondemn anoda pesin savant? Na only dia oga
fit tok weda dem dey do well and e must make sure sey, dem do di rite tin.
[5] Some pipol tink sey one day betta pass anoda and some tink sey, evriday
na di same. But make evribody bilive wetin dem won bilive. [6] Anybody
wey tink sey one day betta pass anoda, dey do so to honor God. And
anybody wey chop meat, dey tank God just like di pesin wey nor won
chop. [7] Nobody dey live or die for ensef. Weda wi die or wi live, na God
still get us. [8] If wi live, na God wi dey live for; if wi die, na God wi still die
for. So, weda wi die or wi live, na God still get us. [9] Dis na bikos Christ die
and e kom back to life, so dat e go bi Oga God to pipol wey don die and
doz wey dey alive.
[10] But why yu dey kondemn oda Christians? Why yu dey si dem as small
shidren? Di day dey kom wen God go judge all of us. [11] God word sey,
“Weda dem like am or not, evribody go knee down for my front kon sey
na mi bi God.” [12] So, all of us go tell God wetin wi do with awa life.

*Strong And Week Pipol*

[13] So, make wi nor dey judge one anoda and make wi nor spoil anoda
pesin faith. [14] As I don know Christ, e don make mi know sey all food
dey klean. But if yu tink sey e nor good make yu chop some food, dat nor
mean sey, e nor good for anoda pesin. [15] Bikos if di food wey yu chop make
yor broda or sista vex for yu, den yu nor dey show love again. So make
yu nor let di kind food wey yu dey chop, offend di pesin wey Jesus Christ
die for. [16] Nor let pipol curse Jesus Christ, bikos of di food wey yu dey
chop. [17] Bikos God kingdom nor bi food and drink matter, but na about

raitiousness, peace and joy wey di Holy Spirit dey give pipol. 18 If yu serve
Christ like dis, God go dey happy with yu and pipol go respet yu.
19 So, make wi live for peace, den wi go help each oda grow as dem dey
serve God. 20 Nor skata God work bikos of food. Evry food dey okay, but e
nor good make yu chop wetin go spoil anoda pesin faith. 21 E betta make
yu nor chop meat, drink wine or do anytin wey fit spoil yor brodas faith.
22 Anytin wey yu bilive about dis matter, make yu keep am to yorsef and
God wey dey heaven, dey si am. God don bless di pesin wey nor kondemn
ensef, bikos of wetin e do. 23 But if yu dey doubt wetin yu chop, den yu
dey kondemn yorsef and yu know sey dat nor good, bikos anytin wey yu
do against wetin yu bilive, na sin.

# 15

### *Make yu Please Odas*

1 If awa faith dey strong, den make wi dey patient with doz wey get
weak faith. Make wi try to make dem happy, instead of awasef. 2 Make wi
tink of tins wey good for dem, den do wetin go make dem grow. 3 Even
Christ nor do tins wey go just make ensef happy, but just as dem rite for
God word, "Di pesin wey curse yu, don curse mi." 4 Bikos evritin wey dem
rite from biginnin, na to tish, enkourage and give us hope. 5 So, I pray sey,
God wey dey give konfort and patient, go help una live for peace with one
anoda as una dey follow Jesus Christ, 6 so dat as una dey togeda, una go
fit use one vois praiz God, wey bi awa Oga God Jesus Christ, Papa.

### *Asept One Anoda*

7 So make una asept one anoda just as Christ asept una, so dat God go
get all di glory. 8 Make I tell una di trut, Christ kom as Jew pipol savant
to show sey, God don keep di promise wey E make with dia grand-grand
papa dem. Christ still kom, 9 so dat Gentile pipol go praiz God sey e dey
good to dem. Just as God word sey, "I go tell Gentile pipol about yu and I
go sing, dey praiz yor name." 10 God word still sey, "Gentile pipol! Make
una happy with God pipol." 11 Dem rite am for God word sey, "Una wey
bi Gentile pipol, make una praiz God. Make evribody praiz am." 12 Profet
Isaya sey, "Somebody dey kom from David family (Jesse rut). E go rule
Gentile pipol and dem go bilive am." 13 I pray make God wey dey give
hope, bless una with joy and peace bikos of una faith. So make di Holy
Spirit pawa full una body with faith.

### *Why Paul Rite Dis Leta*

14 My friends, I dey sure sey una dey good; know God well-well and fit
tish one anoda. 15 But for dis leta, I rite some tins with boldness, so dat
una go remember dem well-well. God dey good to mi and 16 naim make
am choose mi to bi Jesus Christ savant for Gentile pipol and make I for
dey prish di Good News. Dis tin happen, so dat di Holy Spirit go make God
dey happy with Gentile pipol.
17 So I dey boast about di tins wey I dey do, bikos of Jesus Christ. 18 With
betta mind, evritin wey I dey tok about, na how Christ let mi tok and work,
so dat Gentile pipol go obey am. 19 Yes! I go tok how Christ take do many
mirakles and wonders thru di Holy Spirit pawa. I don prish di Good News
from Jerusalem go rish Illyricum. 20 But I like to prish di Good News for

where pipol nor know Christ, so dat I nor go build house on-top anoda
man foundashon, [21] just as God word sey, "Doz wey dem tell about am, go
si am and doz wey neva hear about am, dem go undastand."

### *Paul Plan To Visit Rome*

[22] My work neva let mi kom si una. [23] But naw, nor-tin remain wey I
go do for dis part for di world again and e don tey wey I dey plan to kom
visit una. [24] I go plan to stop si una wen I dey go Spain, so dat una go help
mi for di journey, afta I don stay with una for sometaim.
[25] But naw, I dey take message go give God pipol for Jerusalem, [26] bikos
God pipol for Masidonia and Akaia give mi money make I give di poor
Christians for der. [27] Dis na wetin dem really won do. Bikos wen den
share di tins wey dem get with Jew pipol, den dem don follow Jew pipol
share dia spiritual blessings too. [28] So, afta I don finish dis work kon dey
sure sey di bilivers don get dia blessings for Jerusalem, I go visit una wen
I dey go Spain. [29] And I know sey wen I kom visit una, I go bring plenty
blessings from Christ kon give una.
[30] My brodas and sistas, I dey beg una with Jesus Christ and di Holy
Spirit love; make una help mi pray to God. [31] Make una pray make God
save mi from pipol wey nor bilive am for Judea and make di bilivers wey
dey Jerusalem, asept wetin I dey prish. [32] Make una pray give God, so dat
I go kom visit una with happiness. [33] So make God wey dey give peace,
dey with all of una. Amen.

## 16

### *Paul Greetin*

[1] I get betta tins to tok about awa sista, Foebe, wey bi leader for di church
wey dey Cenchrea. [2] Make una welkom am with God name as God shidren
suppose do. And make una gi-am anytin wey e nid; bikos e don help mi
and oda pipol before.
[3] Make una salot Priscilla and Akwila for mi. Dem bi my ko-workers for
awa Oga God Jesus Christ work, [4] dem don even risk dia life bikos of mi. So,
mi and di whole church dey tank dem well-well. [5] Make una still help mi
salot di pipol for di church wey dey meet for dia house. Salot Epaenetus,
my good friend (di first pesin to bilive Christ for Asia). [6] Greet Mary wey
don work well-well with una. [7] Make una greet my kousin Andronikus and
Junia wey dey prison with mi before. Di apostles dey respet dem and dem
too don dey follow God, before I even know Christ. [8] Greet Ampliatus, wey
get faith and e bi my good friend. [9] Greet Urbanus wey follow us work.
Greet Stachys wey bi my good friend. [10] Make una greet Apelles for mi,
bikos Jesus Christ don choose am. Den make una still greet Aristobulus
family for mi. [11] Make una greet Herodion my kountry man and Narcissus
and en family wey don bilive God. [12] Greet Trifena and Trifosa and my
friend Persis wey dey do Christ work. [13] Greet Rufus, di pesin wey di Oga
God don choose and en mama wey trit mi like sey e bi my mama. [14] Make
una greet Asynkritus, Flegon, Hermes, Patrobas, Hermas and all di brodas
and sistas wey dey with dem. [15] Greet Filologus and Julia, Nereus and en
sista, Olympas and all di bilivers wey dey with dem. [16] Make una salot one
anoda with kiss for jaw. All di church wey bi Christ own, dey greet una.

[17] Naw, my brodas and sistas, I dey beg una, make una know di pipol
wey dey kause wahala and oppoz di tishing wey una don learn from us.
Den make una nor go near dem! [18] Bikos dis kind pipol nor dey serve awa
Oga God Jesus Christ, but na dia belle dem dey kare for. With dia sweet
and wayo mout, dem go praiz and deceive pipol wey nor wise. [19] I dey
happy, bikos evribody don know how una dey obey God. But I wont make
una dey wise wen e rish matter wey koncern wetin dey good or bad. Make
una nor do any bad tin. [20] And God wey dey give peace, go soon distroy
Satan for una. Make awa Oga God Jesus Christ grace dey with una.
[21] Timoti, my ko-worker; Lucius, Jason and Sosipater my kountry man,
all of dem dey greet una. [22] Even mi, Tertius wey rite dis leta, dey greet
una with Christ name. [23] Gaius, wey dey kare for mi and di church, dey
greet una. Erastus wey bi di town treasurer and awa broda Kwartus, dey
greet una. [24] Make awa Oga God Jesus Christ grace dey with una!

*Final Word*

[25] Make wi praiz God, bikos e don make una strong thru dis Good News
wey I dey prish about en pikin, Jesus Christ. For many years naw, dem
keep dis message for sekret, [26] but naw, dem don tok am at last. God wey
nor dey die, kommand en profets make dem rite about di Good News, so
dat pipol for evriwhere, go obey am and get faith. [27] Naw, wi dey praiz di
only God wey dey wise forever, bikos of Jesus Christ! Amen.

# Paul First Leta To Korintian Bilivers

## Introdushon

Paul karry di news about Jesus Christ, di Messiah, go Masidonia (Greece) but leta, e get to run go Akaia wey dey sout for Greece so dat dem nor go kill-am. From der, e visit Korint town and many pipol kon bilive en message, so e stay der for one and half year kon tish di pipol. Afta Paul komot Korint, di pipol kon rite one leta (wey nobody know where e dey naw) to ask am some kweshons. Korint pipol dey follow Greek pipol bilive wey sey fisical tins or body dey bad, so dem won try free humanbin spirit from en body. Dis tin kon affect di way dem dey si tins like marriage, to go party where dem dey chop juju food and how Jesus take raiz-up afta e die. Dis book na mainly to ansa di kweshons wey di pipol get.

*I Salot*

1 Na Paul, wey God koll to bi Jesus Christ apostle and Sostenes, awa
broda, na dem rite dis leta. 2 To God holy pipol for di church wey dey
Korint, wey bi en own bikos of Jesus Christ and pipol for evriwhere wey
dey woship awa Oga God Jesus Christ as dia Oga God and Savior. 3 Make
grace and peace wey God and Oga God Jesus Christ dey give, bi una own.

*Paul Tank God*

4 I dey always tank God, bikos of di grace wey E give una thru Jesus
Christ. 5 Bikos wi dey with Christ, God make us dey rish for evry side,
both for wisdom and undastandin, 6 bikos di message about Christ dey
inside us, 7 so una nor go miss any gift wey di Holy Spirit dey give, as una
dey wait for di day wen God go bring awa Oga God Jesus Christ kom back.
8 God go help una rish di end, so dat E nor go si fault for una life for di day
wen Jesus go kom back. 9 God dey faithful, bikos na-im koll una to waka
with en pikin, Jesus Christ wey bi awa Oga God.

*Di Church Na One Body*

10 My brodas and sistas, I dey beg una with awa Oga God Jesus Christ
name sey, make una nor kworel, but make una get one mind for evritin
wey una dey do. 11 Bikos I don hear thru Khloe family sey, una dey kworel
among unasef. 12 Wetin I hear bi sey, some of una dey sey, "Na Paul side
I dey" odas sey, "Na Apollos side I dey" some still sey, "Na Pita side I dey"
or "Na Christ side I dey." 13 Una hear sey dem divide Christ? Na Paul dem
hang kill for cross? Abi na Paul name dem take baptize una? 14 I tank God
sey I nor baptize any of una escept Krispus and Gaius, 15 so nobody go fit
sey na my name dem take baptize am. 16 (I remember sey I still baptize
Stefanas family. Apart from dem, I nor remember any oda pesin wey I
baptize.) 17 Bikos Christ nor send mi go baptize, but na to prish di gospel
and nor bi with ordinary wisdom wey go make di sofa wey Christ sofa for
cross, yeye.

*Na Christ Bi God Pawa And Wisdom*

18 Di message about Christ deat for cross bi like foolish matter to pipol
wey don lost, but for wi wey God don save, di message na God pawa.
19 Bikos God word sey, “I go distroy di wisdom wey wise pipol feel sey
dem get. I go konfuse doz wey tink sey dem know too mush.” 20 Wetin
happen to di wise pipol? Wetin happen to doz wey know Moses Law well-
well? Wetin happen to doz wey tink sey dem get all di ansa? Abi God nor
sey dis world wisdom, nor mean anytin? 21 God wise well-well, so E nor let
pipol for dis world know am with di wisdom wey dem get. Instead, E save
only di pipol wey bilive di foolish message wey wi dey prish. 22 Jew pipol
won si mirakle before dem go bilive and Greek pipol, na wisdom dem won
hear, 23 but di true message about Jesus wey dem kill for cross, naim wi
dey prish and di message bi like stone wey Jew pipol kick by mistake kon
fall, but to Gentile pipol, na yeye tin e bi. 24 But for wi wey God don koll,
weda wi bi Jew or Greek; na Christ bi God pawa and wisdom wey save us.
25 Bikos God foolishness wise pass all di sense wey human being get and
God weakness strong pass all di pawa wey dem get.

26 My brodas and sistas, make una remember how God koll una, nor bi
bikos una wise, strong or get money well-well. 27 But God choose wetin
di world tink sey dey foolish and weak, so dat wise and strong pipol go
shame. 28 Wetin di world tink sey nor good, naim God choose; tins wey
dem tink sey nor mean anytin, na doz tins E make important. 29 God do
like dis, so dat nobody go fit boast for en front. 30 Una don bi Christ friends
bikos of God and na thru Christ wi get wisdom, goodness and holiness wey
kom from God; 31 bikos, God word sey, “Anybody wey won boast, make e
use Christ take boast.”

# 2

### *Paul Prish Wisdom*

1 My brodas and sistas, wen I kom tell una about God word, I nor tok
to una with big-big word or try to show sey I get sense. 2 Bikos wen I dey
with una, I plan sey, Christ wey dem kill for cross, na only en message I
go tok to una about. 3 So wen I kom meet una, I dey weak and dey fear.
4 Wen I dey tok and prish to una, I nor try to show sey I get sense, but
I dey do evritin with God pawa wey di Holy Spirit dey give, 5 so dat una
faith go dey for God pawa, nor bi human being wisdom.

### *God Wisdom*

6 Wi dey tok with wisdom to doz wey really know God word, but nor bi
with dis world or any ruler wisdom, bikos dia wisdom nor mean anytin.
7 Di tin wey I dey tok about, na God sekret wisdom wey E choose for us,
even before E kreate di world. 8 No ruler for dis world fit undastand God
wisdom, bikos if to sey dem fit, dem for nor nail and kill Christ wey get
glory. 9 But God word sey, “No eye don ever si; no ear don hear, even
pesin mind nor fit tink about di tins wey God don prepare for pipol wey
love am.” 10 God show us dis tins thru en Spirit, bikos di Spirit dey find
evritin; even di deep tins wey dey God mind. 11 Na only pesin spirit know
wetin dey di pesin mind and na only God Spirit know wetin dey God mind.
12 God give us en Spirit, so wi nor dey tink as dis world pipol dey tink and
naim make us know di blessings wey God don give us. 13 Evry word wey
wi dey tok, na God Spirit tish us and nor bi human wisdom. Na dis same

Spirit dey help us tish spiritual tins to pipol wey get God Spirit. 14 So, na
only who get God Spirit fit undastand spiritual blessings. Pesin wey nor get
God Spirit, nor go fit undastand wetin di Spirit dey tok. 15 Pesin wey dey
listin to di Spirit fit judge oda pipol, but nobody go fit judge dem: 16 bikos
God word sey, "Who fit know wetin God dey tink so dat e go advise am?"
But wi wey get di Spirit, undastand wetin Christ dey tish.

# 3

*Di Church Divide*

1 My brodas and sistas, wen I dey with una before, una dey bihave like
pipol for dis world. Na dis make mi nor fit tok to una as pipol wey get
God Spirit. Dat time, una faith for Christ bi like small pikin own. 2 So I dey
feed una with milk like small pikin and as e bi naw, una neva still fit chop
strong food, 3 bikos una neva get di Spirit since jealousy and kworel still
dey among una. Dis mean sey una neva get di Spirit and una still dey live
like pipol wey dey di world. 4 Some of una dey sey, "Na Paul I dey follow,"
odas sey, "Na Apollos bi awa leader." Na pipol wey nor know God dey do
like dat!

5 Mi and Apollos na God savant and E use us take prish to una make
una for fit bilive, so mi and am dey do di work wey God sey make wi
do. 6 I dey plant di seed and Apollos dey wota dem, but na God dey make
di seed grow. 7 Pesin wey plant and di one wey wota, nor mean anytin,
bikos na God dey make di seed grow. 8 Di pesin wey plant di seed and
di one wey wota am, na di same work dem dey do, but each pesin go get
en pay from God akordin to en work. 9 All of us na ko-workers for God
and na una bi God farm and en buildings. 10 Na God grace make mi sabi
build well-well. I lay foundashon wey anoda pesin build put. But make wi
take kare as wi dey build, 11 bikos God don choose Jesus Christ as di One
and only foundashon and dem nor go fit lay any oda foundashon. 12 So if
anybody use gold, silva, fine stones, wood, or difren grass take build on-
top dis foundashon, 13 make e know sey, God go espose en work, bikos E go
test am with fire for Judgement Day. Di fire go test di work wey evribody
dey do. 14 God go reward us if di fire nor burn wetin wi build. 15 But if di
fire distroy am, wi nor go get anytin. But wi go dey save like pesin wey
dem drag komot from inside fire.

16 Una nor know sey una bi God Temple and en Spirit dey inside una?
17 So If anybody distroy God Temple, God go distroy dat pesin too, bikos
God Temple dey holy and na una bi dat temple.

18 Make una nor let anybody deceive una. If anybody tink sey e get sense
for dis life, make e turn to fool, so dat e go really get sense. 19 Dis world
wisdom, na foolishness for God present. Bikos God word sey, "God dey
ponish pipol wey tink sey dem wise." 20 God know sey na yeye tins wise
pipol dey tink, 21 so, make wi stop to dey boast about wetin pesin do. Bikos
both 22 Paul, Apollos, Pita, di world, life or deat; tins wey dey naw or tins
wey go dey tumoro, all of dem na una own. 23 So una bi Christ own, just
as Christ bi God own.

# 4

*Di Apostles Work*

1 Make una dey tink about us as Christ savant wey God don show en
sekret. 2 God wont make wi dey faithful to am. 3 So, e nor koncern mi if
yu or any human kourt dey judge mi. Even mi nor fit judge mysef. 4 My
mind dey klear, but dat nor mean sey I dey innocent. Na only God go fit
judge mi. 5 So, make una nor judge anybody until Christ go kom back. E
go espose evritin wey dey darkness and di tins wey dey inside pesin heart.
Dat time, na God go praiz evribody akordin to wetin dem do.

6 My friends, I don use mysef and Apollos as ezample for una, so dat
thru us, una go know wetin e mean to obey di law. I nor wont make una
dey sey one of us betta pass di oda pesin. 7 Wetin make una tink sey, una
betta pass anoda pesin? Nor bi God give una evritin? So wetin make una
dey boast wen e bi sey evritin wey una get, na God give una? 8 Una don
really get evritin wey una nid! Una don get plenty money! Una don turn
king with us! How I wish sey una really bi king, so dat wi go dey rule with
una. 9 Bikos e klear sey, di place wey God give us wey bi en apostles, na
where worse pass for di world; wi bi like prisonas wey dem dey go kill.
Angels and dis world pipol just dey take us make yeye. 10 Bikos of Christ,
pipol dey si us as fools, but God don make us wise. Wi weak and dem hate
us, but dem dey respet una wey dey strong. 11 Even today, wi dey hongry
for food and wota, na only rag wi get to wear. Dem dey trit us anyhow
and wi nor get house to stay. 12 Wi dey work hard before wi go fit chop
and as pipol dey curse us, na blessing wi dey give dem back. Wen wi dey
sofa, wi dey-dey patient. 13 Wen pesin curse us, wi nor dey ansa back with
kworel. So till today, dem dey si us as dirty for dis world.

### *Warnin From Papa To Pikin*

14 I nor dey rite dis tins make una for shame, but na to korrect una as
shidren wey I love. 15 Bikos even if 10,000 pipol kon tish una about Christ,
na only one papa una go still get. Bikos una don turn to my pikin, wen
una receive di message about Christ from mi. 16 So, I dey enkourage una
sey, make una bi like mi. 17 Na to enkourage una make mi send Timoti,
my son wey I like and wey love Christ kom meet una. E go tell una how I
dey follow Christ and di tins wey I dey prish about Christ for evry church.
18 Some among una don dey karry body up, bikos una tink sey I nor go
kom back again. 19 But if God allow mi, I go soon kom meet una. Den I
go know if pipol wey dey boast, really get pawa. 20 Bikos God kingdom
matter, nor bi about ordinary tok, but na about pawa. 21 Wish one una
wont? Make I karry kane kom meet una, or make I kon show una di love
wey di Spirit dey give pesin?

## 5

### *Discipline For Church*

1 I don dey hear bad-bad tins about some of una. And una own even
worse pass wetin doz wey nor know God dey do. Sotey man dey sleep
with en papa wife. 2 And shame nor even dey katch una! Una suppose to
feel bad kon drive di pesin wey do dis kind tin. 3 I know sey I nor dey der
with una naw, but I dey with una for spirit. And I don already judge di
pesin, just as I go do if I dey der. 4 Wen una gada togeda for awa Oga God
Jesus Christ name, I dey with una for spirit and Christ pawa dey with una

too. 5 So make una give dat pesin to Satan make e ponish am, so dat en
sin go komot for en body and Christ go save am for di last day.

6 E nor good make una dey boast! Una nor know sey, small yist wey dem
put for bread, na-im dey make di whole bread raiz? 7 Make una remove di
old yist, den una go bi like fresh bread wey nor get yist and dat na wetin
una bi. Bikos awa Passova lamb, na Christ wey dem don already sakrifice.
8 So wen wi dey celebrate Passova, make wi nor do am with di old yist wey
bi wikedness and bad belle, but make wi do am with di fresh bread wey
nor get yist, wey bi trut and betta mind.

9 For di leta wey I first rite give una, I sey make una nor make friend
with bad pipol. 10 But I nor dey tok about pipol wey bad, wiked, dey serve
juju and get long-trot for dis world. If to sey na dem I dey tok about, den
una nid to komot for dis world. 11 But naw, I dey rite to una sey, pipol wey
sey dem bi Christians and dem dey do bad tins, make una nor follow dem
make friend. Make una nor even chop with dat kind pesin. 12 Wetin go
make mi judge pipol wey nor dey di church? Nor bi doz wey dey inside wi
suppose to judge? 13 Na God go judge doz wey dey outside, bikos en word
sey, "Doz wey dey do wiked tins among una, make una drive dem komot
from di church."

# 6

*Kourt Kase*

1 Wen pesin nor dey gri with anoda pesin, una dey take una kase go
kourt where sinnas go judge di matter, abi una dey take am go meet God
pipol? 2 Una nor know sey na God pipol go judge di world? And if na
una go judge di world, una nor fit setol small-small matter among unasef?
3 Una nor know sey wi go judge angels? Since na so, den wi suppose to
judge di tins wey dey dis world! 4 So, na wetin make us dey take awa kase
go give judge wey nor know God? 5 I dey tok like dis, so dat una go shame!
So una nor get wise pesin among una wey fit judge between una wey bi
Christians? 6 Wetin dey make una karry unasef go meet judge wey nor
know God? 7 Wen una take unasef go kourt, dat mean sey all of una don
luz. 8 Instead, una dey play wayo among unasef!

9 Una nor know sey wiked pipol nor go enter God kingdom? So make
una nor fool unasef! Pipol wey dey sleep with who dem nor marry; doz
wey dey serve juju; men wey dey sleep with oda men; 10 tif; long-trot;
drunkard; doz wey dey curse pipol and doz wey dey play wayo; non of
dem go enter God kingdom. 11 Na so some among una bi before, but naw,
God don wosh una klean thru Jesus Christ name and en Spirit pawa, don
make una klean for en eye.

12 Some among una sey, "Wi fit do anytin wey wi wont." But I dey tell
una naw sey, nor bi evritin dey good for us. So I nor go gri make anytin
kontrol mi. 13 Una still dey sey, "Food dey good for awa body and awa body
nid food." But I dey tell una, "God go distroy di two of dem." So make wi
nor use awa body take do yeye tins. 14 God go raiz us from deat with di
same pawa wey E use take raiz Jesus. 15 Una nor know sey una body na
part for Christ body? So e dey good make wi put awa body for ashawo
work? God forbid! 16 Una nor know sey, pesin wey dey sleep anyhow with
oda pipol, don bi part for di pipol body? 17 So anybody wey join Christ,

don get one spirit with am. [18] Make una nor live ashawo life. Evry oda
sin wey man dey kommit na for outside en body, but di pesin wey dey do
ashawo, dey sin against en own body. [19] Abi una nor know sey una body
na di temple wey di Holy Spirit dey stay? So, nor bi una get unasef. [20] God
don pay betta prize for una, so make una honor am with una body.

# 7

### *Kweshon About Marriage*

[1] Naw I go ansa di kweshon wey una ask for una leta. Una ask sey, "E
dey good make pesin nor marry?" [2] But make una nor for dey do ashawo,
e betta make una marry. [3] Make husband and wife do di rite tin wey dem
suppose do for one anoda. [4] Nor bi di wife get en own body, but na di
husband get am and na so too di wife get en husband body. [5] Make una
nor refuse each oda, escept una gri sey una go dey like dat for sometaim,
so dat una go fit pray. Den Satan nor go fit tempt una, bikos una go fit
kontrol una body. [6] Na advise I dey give una, nor bi kommand. [7] How I
wish sey all of una bi like mi. But di gift wey God give us nor bi di same.

[8] Dis na di advise wey I go tell di pesin wey neva marry and doz wey
dia husband or wife don die; make una dey as una dey, just as I bi. [9] But
if dem nor fit kontrol demsef, make dem marry, bikos e betta make pesin
marry, dan make e dey tink bad tin for en mind.

[10] Na doz wey don marry I won give dis kommand to (Nor bi mi, but na
God): Make wife nor leave en husband, [11] but if e leave am, make e nor
marry again or make e go back go setol with di man. And make husband
nor leave en wife too.

[12] Even doh I dey tok on my own, I nor tink sey God go tok anytin difren
from wetin I dey tell una about marriage. Di only tin wey I fit do na to give
una my advise. If yor wife nor dey follow Christ, but e sey e go follow yu
stay, make yu nor drive am. [13] If yor husband nor dey follow Christ, but
e sey e go follow yu stay, make yu nor run leave am. [14] Bikos di husband
wey nor bilive, God go save am, bikos of en wife wey bilive and di wife
wey nor bilive, God go save am, bikos of en husband wey bilive. [15] But if
di one wey nor bilive komot from di marriage, make e bi like dat. For dis
kind kase, di broda or sista wey bilive, don dey free; bikos God wont make
wi enjoy peace. [16] Yu wife! How yu take know sey yu nor go fit save yor
husband? Yu husband! How yu take know sey yu nor go fit save yor wife?

### *Live As God Koll Yu*

[17] For evry church, I dey tell di pipol sey make dem remain as dem bi
wen Oga God Jesus choose and koll dem to bi en own. Naw, na di same
tin I dey tell una so. [18] If yu don already sekonsaiz, make yu dey like dat.
If dem neva sekonsaiz yu, make yu nor sekonsaiz. [19] Weda dem sekonsaiz
yu or not, nor mean anytin. Wetin dey important, na to obey God law.
[20] So make una nor try to shange as una bi wen God choose una. [21] If God
koll yu wen yu bi slave, make yu nor let am worry yu. But if yu fit get yor
freedom, make yu get am. [22] Slave wey God choose make e follow Jesus,
don bikom free man thru Jesus Christ. So free man wey God choose make
e follow Jesus, don turn to Christ savant. [23] God pay big prize for una, so

make una nor bi slave to any oda pesin. 24 Make una stay as una bi wen
God choose and koll una.

### *Pipol Wey Neva Marry*

25 Koncerning pipol wey neva marry before, I nor get any kommand
from Christ to give una, but I go advise una as pesin wey una fit trust,
bikos God dey show mi mesi. 26 Dis time wey wi dey nor eazy at-all and
wetin I tink bi sey, e go good make una stay as una bi naw. 27 If yu don
marry, nor leave yor marriage. If yu neva marry, make yu nor worry
yorsef about am. 28 If pesin wey neva marry before kon marry, e nor sin.
But, pipol wey don marry go face plenty wahala and I dey try to help una,
so dat una nor go face dat kind wahala. 29 My friends, wetin I mean bi sey
Christ go soon kom and e nor matter if yu don marry or not. 30 If yu dey
kry or laf; dey buy sometin or yu nor get money, all na di same tin. 31 E
nor go make any difrence even if yu get all di tins for dis world or sey yu
like di world well-well, bikos as wi know, di world go soon vanish komot.
32 And I nor wont make anytin trobol una. Man wey neva marry, make e
dey do tins wey go make Christ happy for am. 33 But man wey don marry
get plenty tins to worry about. E go must worry about tins for dis world,
bikos e go wont make belle dey sweet en wife, 34 so e go dey tink about
difren tins. Woman wey neva marry dey only tink of how to make belle
sweet Christ. Dat time, dia body and mind dey pure. But woman wey don
marry dey worry about dis world tins, bikos e wont make belle sweet en
husband. 35 Wetin I dey tok na for una own good, nor bi to make una
slave. I wont help una to dey live betta life and to love Christ pass any oda
tin.
36 But if yu get patina and yu nor fit kontrol yorsef, den make yu go
marry. Nor-tin dey bad for dat one. 37 But e betta, if yu fit kontrol yor
body sey yu nor won marry naw. 38 E dey rite and okay to marry, but e
betta sey yu nor marry at-all.
39 Wife suppose to stay with en husband until di man die. Den e fit go
marry again, but di new husband must bi pesin wey dey follow Christ.
40 But I bilive sey, I dey obey God Spirit wen I sey make di woman nor
marry, so dat e go dey happy well-well.

## 8

### *Juju Food*

1 For di leta wey una rite, una ask mi about juju food. And all of us
know sometin koncerning dis matter. But if wetin wi know, dey make us
dey proud, den bikos of love, wi suppose help one anoda. 2 Di man wey
tink sey e know sometin, neva still know as e suppose know. 3 But God
know di pesin wey love am.
4 So, even if pipol dey offa food give juju, all of us know sey di juju
dem nor get life, bikos na only one God dey. 5 Dem dey koll many tins
for heaven and eart, "gods and mastas," but non of dem really bi god or
masta. 6 But wi (wey bi Christian), na only one God wi get and naim bi
awa Papa. Na-im kreate evritin and wi dey live for am. Na Jesus Christ bi
awa only Oga God. Na-im make evritin and na thru am wi get life.
7 Nor bi evribody know dis tins. Some pipol don grow with di bilive sey
juju dey alive. So wen dem dey chop meat wey dem give juju, dem go dey

fear. 8 But wi know sey food nor fit bring us klose to God. Wi nor go luz
anytin if wi nor chop or sey wi gain anytin if wi chop. 9 But make una dey
kareful, so dat weak pesin among una nor go fall bikos una don dey free
to chop anytin. 10 Bikos if weak pesin si yu wey know di word dey chop
juju food, e go fit join yu chop di food wey dem sakrifice give juju. 11 Den
wetin yu know don distroy pesin wey Christ die for. 12 If yu sin against
yor brodas or sistas wey nor get strong heart and faith, yu don sin against
Christ. 13 So, if food wey I dey chop go wound pesin wey dey follow Christ,
I nor go ever chop meat again, so dat my brodas and sistas nor go sin.

# 9

*Di Apostles Pawa*

1 I nor dey free? I nor bi apostle? Abi I neva si awa Oga God Jesus? Nor
bi una dey show di work wey I don do? 2 If I nor bi apostle to oda pipol,
at least I bi apostle to una, bikos na una bi di sign wey show sey I bi Jesus
Christ apostle. 3 Wen pipol ask mi kweshon, I dey tell dem sey, 4 mi and
Banabas fit chop and drink wetin wi like, 5 abi wi nor get rite to marry
biliver for Christ? 6 Na only wi must work before wi go chop? 7 E get any
soja wey dey pay ensef salari? Abi who plant vegitabol, nor dey chop for
inside? Or who dey keep sheep nor dey drink from dia milk? 8 Una tink
sey na only kommon sense I take dey tok all dis tins? Abi una don forget
sey di law tok like dis too? 9 Moses sey, "Make una allow animal wey grind
korn chop from wetin e dey grind." So, una tink sey na di melu God dey
worry for? 10 No! Na wi God dey tok about. Dem rite all dis tins for di
law, so dat evribody wey work, go fit chop for harvest time. 11 So if wi don
plant spiritual seed among una, e go dey too mush if wi ask for ordinary
food and drink from una?

12 If odas dey do like dis, dat mean sey wi even get betta rite to do like
dat too. But, wi dey bear evritin, so dat wi nor go kause trobol for Christ
message. 13 Una nor know sey doz wey dey work for di temple dey chop
food wey pipol bring kon give God for der? Abi una nor know sey pesin
wey dey serve for altar na from der e for dey chop? 14 Na so too God
kommand sey, doz wey dey prish di gospel, go chop thru di gospel wey
dem dey prish. 15 But I nor dey use all dis rite and I nor dey rite dis tins so
dat pesin go give mi sometin. E betta make I die, dan make anybody kon
make mi stop to dey tok like dis. 16 Bikos if I dey prish di gospel, I nor get
any rizin to boast, bikos I nor fit do any oda tin dan to dey prish di gospel!
Na wahala for mi, if I nor prish di gospel! 17 If I prish bikos I wont prish,
dem go pay mi, but even if I nor wont prish, di prishin na wetin God send
mi kom do. 18 Wetin kon bi my gain? Na to prish di gospel without pay or
na to use di rite wey I get, bikos I dey prish di gospel?

19 I nor bi anybody savant. But I don turn savant to evribody, so dat I
go fit win many pipol for Christ. 20 Wen I dey with Jew pipol, I dey live
like dem, so dat I go win dem for Christ. Na Moses Law dem dey follow,
but I nor dey follow dat one. But I dey live as di law tok, so dat I go win
souls kom meet Christ. 21 And wen I dey with pipol wey nor dey live by
di law, I nor dey use di law for dem, so dat I go fit win dem. But dat nor
mean sey, I go forget God law, bikos na Christ law dey rule mi. 22 Wen I
dey with pipol wey get weak faith, I dey live as dem dey live, so dat I go

fit win dem. I dey do evritin wey I fit do, so dat I go fit win evribody wey I fit win, kom meet Christ.
23 Na di gospel make mi dey do all dis tins, so dat I go fit share for di blessings.
24 Una nor know sey, wen pipol dey run, na only one pesin go win di
race and di prize? So make una run, so dat una go fit win! 25 Pipol wey
dey run, dey train well-well, so dat dem go win crown wey nor dey last, but wi dey run for crown wey go last forever.
26 So I nor dey run for nor-tin and I nor dey follow breeze fight.
27 Instead, I dey kontrol my body kon make am my slave, so dat afta I don prish di Good News give odas, God nor go rijet mi.

# 10

*Nor Serve Juju*

1 My brodas, I wont make una remember wetin happen to awa papa
dem wey follow Moses. God kloud protet dem as dem dey waka pass di
Red Sea. 2 Na der dem for baptize dem wen dem dey follow Moses wey
bi God savant. 3 All of dem chop and drink di same spiritual 4 bread and
milk. Dem drink from di spiritual Rock wey follow dem go and dat Rock,
na Jesus Christ. 5 But den, God nor dey happy with some among dem, so
many of dem kon die for inside wildaness. 6 Naw, all dis na ezample for
us, so dat wi nor go do bad tins as dem do, 7 or woship juju like some
among dem. Just as God word sey, "Di pipol sidan to chop and drink, den
dem kon start to play." 8 Make wi nor follow ashawo life like some among
dem, wey make 23,000 pipol die for one day. 9 So make wi nor tempt Christ
as some among dem dey do before snake kon distroy dem. 10 Make una
nor komplain like di way some for dem do before distroshon angel kon
distroy dem. 11 Dem rite dis tins wey happen to dem to tish us lesin and
na ezample for doz wey go dey wen di world go end. 12 So pesin wey tink
sey e stand, make e take kare, if not, e go fall. 13 E nor get anytin wey dey
happen to una naw, wey neva happen to odas before, but God dey keep en promise and E nor go allow una pass thru wetin una nor go fit bear.
14 So my brodas, make una run from bad tins. 15 I dey tok to pipol wey
get sense. Make una tink about wetin I dey tok. 16 Wen wi drink from di
Oga God Supper cup, dat mean sey wi dey share from Christ blood. Wen wi chop from di bread wey wi divide, dat mean sey wi dey share for Christ
body. 17 Bikos wi dey chop from one bread, all of us don bi one body, even
doh wi many. 18 Israel pipol dey chop juju food, but dem still dey share for
Christ altar. 19 I nor dey sey juju food or di one wey dem sakrifice mean
anytin. 20 But wetin I mean bi sey, wetin bad pipol dey sakrifice, na for
demon, nor bi for God. 21 Yu nor fit drink from God cup and demon cup
for di same time. 22 Abi wi dey try to make Christ vex? Wi strong pass God?
23 Pipol sey, wi fit do evritin. Dat na true, but nor bi evritin dey good.
Wi fit do evritin, but nor bi evritin dey good for di body. 24 Make pesin nor
dey tink for ensef alone, but for oda pipol too. 25 Make una mind dey okay
as una dey chop any meat wey dem dey sell for market. 26 Bikos God word
sey, "Di eart and evritin wey dey inside, na di Oga God own." 27 If pesin
wey nor know God invite yu kom chop for en house, make yu chop wetin

e give yu, nor ask kweshon, bikos of wetin dey yor mind. 28 But if di pesin
tell yu sey, "Dem sakrifice dis food give juju," make yu nor chop am bikos
of di pesin wey tell yu and en konscience. 29 I nor mean yor konscience,
but di oda pesin own. So bikos of wetin anoda pesin dey tink, I nor go fit
do wetin I wont do? 30 If I tank God for my food, wetin go make anybody
fight mi bikos of di food wey I tank God for? 31 But anytin wey una dey
do, weda una dey chop or drink, make una do am to honor God. 32 Live
yor life so dat yu nor go kause trobol for Jew or Greek pipol or for pipol
wey dey God church. 33 Make una dey do as I dey do; bikos I dey always
try to please evribody instead of mysef, bikos I wont make God save dem.

# 11

*How To Woship God*

1 Make una follow mi as I dey follow Christ.

2 I dey praiz una, bikos una always dey do di tins wey I tell una, 3 but
I wont make una undastand sey as Christ bi evribody head, na so too
husband bi head for en house and na God bi Christ head. 4 So any man
wey dey pray or prish God message kon kover en head dey woship God,
dey disgrace Christ. 5 And any woman wey dey pray or prish God message
and e nor kover en head, dey disgrace en head, wey bi en husband; e for
betta sey di woman shave en head. 6 If di woman nor one kover en hair,
den make e go shave am. 7 Man nor nid to kover en head, bikos e dey show
as God glory bi. But woman dey show as man glory bi; 8 bikos God nor
kreate di man from woman, but E kreate di woman from man. 9 God nor
kreate man bikos of woman, but E kreate woman, bikos of man. 10 Bikos
of di angels, di woman must kover en head to show sey na en husband dey
protet am. 11 As wi dey serve Christ, di woman and di man, dey togeda for
Christ body. 12 Aldo God make woman from man, but na woman dey born
evribody, even doh na God kreate evribody. 13 Make una judge by unasef
weda e dey good for woman to dey prish God word wen e nor kover en
head. 14 Wetin make pipol for di world dey sey, na disgrace for man to
karry long hair? 15 But long hair dey make woman fine well-well. God
give di woman di long hair, so dat di hair go kover di woman head. 16 Dis
na how dem dey do tins for God church, so nobody go fit follow mi kworel
for wetin I dey tok.

17 Di way una dey woship God, dey kause wahala pass di good wey E
dey do for una. Bikos of dis, I nor go fit praiz una. 18 Bikos I hear sey wen
una gada dey woship God for church, na so-so kworel una dey kworel and
I bilive sey some for wetin I hear, na true. 19 Bikos if una nor kworel, wi
nor go know di good ones among una. 20 Wen una dey togeda, nor bi di
Oga God Supper una dey chop? 21 But before evribody go rish di meetin,
some pipol among una don start to chop and drink, wen odas dey hongry.
22 Una nor get house wey una go for chop and drink? Abi una hate God
church? Una won disgrace pipol wey nor get anytin to chop? Wetin I go
fit tell una naw? I nor go fit praiz una at-all.

23 I don already tell una wetin awa Oga God Jesus do for di nite wen
dem sell am. And na Christ tok am by ensef. E take some bread for en
hand 24 and afta e don tank God, e divide am kon sey, "Dis na my body
wey I dey give una. Make una always dey chop am to remember mi."

25 Afta dem chop finish, Jesus take di cup kon sey, “Dis na my blood wey
God take make new kovenant with una. Make una always dey drink am to
remember mi.” 26 Jesus mean sey, wen una chop di bread kon drink from
di cup, una dey tell odas about Christ deat until e go kom back.
27 Bikos of dis, anybody wey chop di bread or drink di wine anyhow
wey e like, dat pesin don sin against Christ body and en blood. 28 So make
evribody shek ensef, before e chop di bread and drink from di cup. 29 But
if una nor undastand sey na una bi Christ body, una don already kondemn
unasef with di way wey una dey chop and drink from di cup. 30 Na dis
make many of una wey nor well, weak and some among una don even
die. 31 But if wi judge awasef, God nor go ponish us. 32 But wen God judge
and ponish us, E dey do am, so dat E nor go kondemn us with dis world.
33 My brodas and sistas, make una dey wait for evribody, before una go
start to chop di Oga God Supper. 34 But if anybody really dey hongry, make
e chop kom from en house. Den wen una dey togeda, una nor go kondemn
unasef. So wen I kom, I go tell una oda tins wey una suppose know.

# 12

### *Spiritual Gifts*

1 My friends, una bin ask mi about spiritual gifts. 2 I won make una
remember sey, before una bigin follow Christ; na juju una dey serve.
3 Naw, I wont make una know sey, anybody wey God Spirit dey lead, go
sey, Jesus naim bi Oga God and e nor go ever curse am.
4 Na many spiritual gifts God dey give pipol, but all of dem na from di
same Spirit. 5 And wi get difren ways to serve God 6 and each of us dey do
difren tins. But na di same God dey work for awa life and E dey help us
do evritin. 7 Each of us get difren gift wey di Spirit give us and wi dey use
am do good. 8 Some among us dey fit speak with wisdom and odas with
knowledge, but na di same Spirit dey give us all dis gifts. 9 To oda pipol, di
Spirit dey give dem faith or di pawa to heal sick pipol. 10 Di Spirit dey give
odas di pawa to do mirakle and e make some pipol profets and some dey
fit know wen God Spirit dey among us. Odas dey tok with difren-difren
language and some among us go tell una wetin di tins wey dem dey tok,
mean. 11 But na di same Spirit dey do all dis tins and e dey choose di kind
gift wey e wont give each pesin.

### *Difren Membas For One Body*

12 Christ body get difren part like evry oda body. 13 Some pipol among
us na Jew and odas na Gentile. Some na slave and odas dey free. But God
Spirit baptize us kon make us part for Jesus Christ body. Naw, all of us dey
drink from dat same Spirit. 14 Nor bi only one part awa body get, but dem
many. 15 If di leg for awa body sey, “I nor bi hand, so I nor bi part for di
body.” Nor bi di body di leg still dey? 16 And if di ear sey, “I nor bi eye,
so I nor bi part for di body.” Nor bi di body di ear still dey? 17 If to sey di
whole body na eye, wi nor for fit hear anytin and if to sey all di body na
ear, wi nor for fit smell anytin. 18 But God don put evry part for awa body,
just as E wont am. 19 If na only one part dey di body, den di body nor go
bi as e suppose bi again. 20 But as e bi so, na many parts dey make one
body. 21 So, di eye nor go fit tell di hand sey, “I nor nid yu” and di head

nor go fit tell di leg sey, “I nor nid yu too.” 22 So, wi nor go fit do anytin
with awa body without di part wey wi feel sey, e dey weak. 23 Di part wey
wi tink sey dey important, wi dey trit dem with respet and di part wey
nor really dey outside, wi dey trit dem well. 24 But awa body nor nid all
dis treatment. Bikos na God make awa body, so di part wey wi fit sey nor
dey important, dey important well-well. 25 God do am like dis, so dat all
di parts for di body go dey work togeda and each part go dey kare for oda
part. 26 If one part dey sofa, di oda parts dey sofa too. But if dem praiz
one part, di oda parts go dey happy.

27 All of una dey Christ body. And each of una, na part for di body.
28 So for di church, God first choose apostles, before profets and tishas. E
still choose some wey dey do mirakle, odas wey dey heal sick pipol, some
wey bi leaders and odas wey dey tok with difren-difren language. 29 Nor
bi evribody bi apostle. Nor bi evribody bi tisha. Nor bi evribody fit do
mirakle. 30 Nor bi evribody fit heal sick pipol. Nor bi evribody fit tok
wetin dis language mean. 31 But I wont make una ask for di gift wey betta
pass, so dat I go show una di way wey betta pass all dis tins.

# 13

*Wetin Love Mean*

1 If I dey tok di language wey human being and angels dey tok; 2 if I dey
profesai and fit undastand evry sekret and knowledge or if I get faith wey
fit move mountins and I nor love oda pipol, I go bi nor-tin. 3 If I give pipol
evritin wey I get kon sey make dem burn mi alive, but I nor love odas, I
nor go gain anytin.

4 Love dey kind and patient, e nor dey jealous or boast 5 or dey proud.
Love nor get long-trot or dey vex. E nor dey remember di bad tins wey
odas do. 6 E nor dey happy with wiked pipol, but e dey happy with di trut.
7 Love dey bear evritin and e get faith, hope and patient.

8 Love nor dey fail and e go dey forever. Pipol nor go profesai forever
and doz wey dey tok with difren-difren language, go stop. For dat time,
wi go forget evritin wey wi know. 9 Naw, wi nor know evritin and awa
profesy nor komplete. 10 But one day, wetin dey pafet go kom and wetin
nor dey pafet, go vanish. 11 Wen wi neva know Christ, wi dey tink and
tok like small shidren. But naw wen wi don know am, wi nor dey do like
small shidren again. 12 Evritin wey wi dey si naw bi like ordinary image
for mirror; but for dat time, wi go si am, face-to-face. Naw wi nor know
evritin, but den wi go know, just as God really know us. 13 And naw wi get
faith, hope and love. But di one wey big pass for di three, na love.

# 14

*Profesy And Difren Language*

1 Na love suppose guide una. So make una dey fight to get di gift wey
di Holy Spirit dey give, especially di gift to profesai. 2 Bikos if una dey tok
with difren-difren language wey odas nor undastand, God go undastand
wetin una dey tok, aldo know oda pesin go know wetin e mean. Tins
wey una go dey tok about, na only di Spirit go fit undastand dem. 3 But
wen una profesai, pipol go undastand una and odas go help una. Dem go
get konfort kon dey okay. 4 Pesin wey dey tok with difren language, dey

help ensef. But di one wey dey profesai, dey help di church. 5 I for like
make all of una dey tok with difren language, but I wont make una dey
profesai. Bikos profesy go do una more good, dan sey una dey tok with
difren language wey pipol nor fit undastand, unless somebody esplain di
meaning give di pipol for di church.

6 My brodas and sistas, wetin una go gain if wen I kom, I dey tok with
difren language wey una nor undastand and I nor esplain am? How I go fit
help una den, unless I tell una wetin God tell mi or make una know wetin
dem profesai and tish? 7 If all music instrument get di same sound, how
una go take know di one wey bi trumpet or harp? 8 If trumpet make sound
wey pipol nor undastand, who go dey ready to go fight war? 9 Na so e bi
wen una dey tok with difren-difren language wey pipol nor undastand. If
nobody fit undastand wetin una dey tok about, dat mean sey na breeze una
dey follow tok. 10 Dis world get difren language and all of dem dey good.
11 But if odas nor undastand wetin una tok, den dem go bi like strenjas to
una. 12 Na so e bi with una too. If una really wont di gift wey di Spirit dey
give, make una choose di one wey di church go gain from.

13 So wen wi tok with difren-difren language wey odas nor undastand,
make wi pray make God give us di pawa to esplain wetin e mean. 14 For
ezample, if I pray with language wey nobody undastand, my spirit dey
pray, but my mind nor undastand di tins wey I dey pray for. 15 So wetin
I go do? Bikos e get time wey I go pray with my spirit and time wey I
suppose pray with my mind. Sometaim, I suppose sing with my spirit and
oda time, I go sing with my mind. 16 If some strenjas dey for where una for
dey woship God for spirit and dem nor undastand una, how dem go take
know wen to sey, “Amen”? 17 Una fit really dey woship God well-well, but
nobody go gain from am, bikos dem nor undastand wetin una dey tok. 18 I
tank God sey I dey tok with difren-difren language pass all of una. 19 But
wen I dey church, e betta make I speak five betta words to tish odas, dan
to speak 10,000 words wey pipol nor undastand.

20 My brodas and sistas, make una stop to tink like small shidren. Instead
make una dey tink like mature pipol and dey innocent like pikin wey
dem just born. 21 God word sey: “I go use strenjas wey dey speak wetin
odas nor undastand, take tok to my pipol. Dem go tok to dem with strenj
language, but my pipol nor go listin to mi.” 22 So, language wey odas nor
undastand, fit mean sometin to pipol wey nor bilive, but nor bi to pipol
wey bilive. 23 So if di whole church bigin tok with difren-difren language,
den some pipol wey bi unbilivers or doz wey nor undastand kon waka
enter di church, dem nor go tink sey all of una don dey kraze? 24 But if
evribody dey profesai and unbilivers or pipol wi nor undastand enter di
church, dem go know sey dem bi sinnas and dem go won turn from dia
sin kom meet God, bikos of wetin una dey tok. 25 Den God go tell una di
sekret wey dey dia heart. Den dem go knee down kon tell God sey, “Wi
don really bilive sey yu dey with dis pipol.”

### *Orda For Church*

26 My friends, wen una gada to woship, una must do evritin to help one
anoda. Na so e suppose bi wen somebody dey tish, sing, profesai, tok with
difren-difren language or dey esplain wetin di pesin tok. 27 Wen una dey
togeda, make e nor pass two or three pipol wey go tok with difren-difren

language wey pipol nor undastand. One pesin go tok, before anoda and
make pesin dey, wey go esplain give odas wetin di pesin dey tok. 28 If
nobody dey wey go fit esplain wetin yu dey tok, make yu nor tok at-all for
di meetin, but yu fit tok am between yu and God. 29 Two or three pesin
fit profesai and evry oda pesin must listin well-well. 30 And if one among
di pipol wey sidan receive message from God, di pesin wey dey tish must
stop make di pesin for tok. 31 Make di pipol nor tok at wons, so dat all of
una go learn sometin and una go dey okay. 32 Pesin wey bi profet must
dey ready to stop, so dat anoda pesin go tok, bikos profet suppose to fit
kontrol en own spirit, 33 bikos God wont make dem do evritin well.

Wen God pipol meet for church, 34 make wimen nor dey tok. Make
dem kwayet dey listin, just as Moses Law tish. 35 If dem won know about
sometin, dem fit ask dia husband wen dem rish house. Bikos na disgrace
for woman to tok for church. 36 God message nor start with una and nor
bi only una don hear am.

37 If una dey tink of unasef as profet or pesin wey di Spirit dey use, den
una go know sey I dey rite only di tins wey God kommand mi. 38 So make
una nor listin to anybody wey nor bilive wetin I dey rite. 39 My friends,
make una dey try to profesai and make una nor stop anybody wey dey
tok with difren-difren language even doh odas nor undastand wetin e dey
tok. 40 But make una dey do tins as e suppose to bi.

# 15

### *Jesus Resureshon*

1 My brodas and sistas, I wont make una remember di gospel wey I prish
give una, 2 di one wey una asept and dey stand on. Na dis gospel go save
una if una whole di message wey I prish give una well-well, unless una
faith nor strong. 3 Bikos na wetin I receive, naim bi di first important tin
wey I give una; sey Christ die for awa sins as dem rite for God word 4 and
dem beri am, den God raiz am up afta three days as dem rite for God
word. 5 Christ appear to Pita, den to di twelf apostles. 6 Den e appear to
more dan five hundred bilivers. Some of dem still dey alive, but some don
die. 7 Den e appear to James, den to all di apostles. 8 Finally, e appear to
mi; even doh I bi like pikin wey dem born before di time rish, 9 bikos na
mi small pass among all di apostles. But, I kause many wahala for God
church, so dem nor suppose koll mi apostle. 10 But God kind! I bi wetin I
bi and God mesi for mi, nor bi yeye tin. I dey work pass any oda apostle;
aldo na God grace dey help mi. 11 But e nor mean anytin if I prish or dem
prish, as long as all of una bilive di message wey wi dey prish.

### *Awa Resureshon*

12 Naw, if wi dey prish sey God raiz Jesus from deat, wetin make some
pipol among una dey sey resureshon nor dey? 13 If resureshon nor dey,
dat mean sey Christ nor raiz-up from grave. 14 And if Christ nor raiz-up,
den awa prishin and una faith nor mean anytin. 15 So, if resureshon nor
dey, dat mean sey, evritin wey wi don tok about God, na lie, bikos wi sey
E raiz Jesus from deat wen E nor raiz am. 16 If resureshon nor dey, na-im
bi sey Christ nor raiz-up from deat. 17 If God nor raiz Christ from deat,
den una faith dey yuzles and una still dey inside una sin. 18 And doz wey

bilive Christ before dem die, don lost bi dat. 19 Bikos if na only for dis life
wi get hope for Christ, den awa kase worse pass any oda pesin own for dis
world.
20 But God don raiz Christ from deat! And E make us dey sure sey, oda
pipol go raiz-up from deat too. 21 Just as pipol go die bikos of Adam, na so
too wi go raiz-up kom life, bikos of Christ. 22 Adam bring deat kom meet
all of us, but Christ bring life kom. 23 But all of us must wait for awa turn.
Na Christ God first raiz kom life and Christ go raiz en pipol wen e kom
back. 24 Den afta Christ don distroy all pawas, di world go end and e go
give di kingdom to God wey bi di Papa. 25 Christ go rule until e don put
all en enemies under en pawa 26 and di last enemy wey e go distroy, na
deat. 27 Wen God word sey, e go put evritin under en pawa, e nor mean
sey, God dey among dem. Bikos na God put evritin under Jesus Christ
pawa. 28 And wen evritin don dey under God pikin pawa, e go kon put
ensef under God wey put evritin under en pikin pawa. Den God go kon bi
evritin to evribody.
29 If resureshon nor dey, wetin make dem dey baptize pipol for Christ?
30 And wetin make us dey risk awa life 31 kon dey face deat evriday? Na
di pride wey I get for una, bikos of awa Oga God Jesus Christ, naim make
mi dey tok all dis tins. 32 If resureshon nor dey, wetin kon bi my gain,
afta I don fight wiked animal for Efesus? Na bikos of pride make mi do
am? If na so, e go good make wi dey chop and drink bikos tumoro wi
go die. 33 Make una nor let anybody deceive una, "Bad friends dey spoil
good karata." 34 Make una get sense and stop to dey kommit sin. I still dey
sopraiz sey some pipol among una nor know God.

### *Wetin Awa Body Go Bi Like*

35 Some among una dey ask sey, "How pipol wey don die go take kom
dis world back? Wish kind body dem go get?" 36 Una bi fool! Wetin pesin
plant nor dey grow, unless di seed first die. 37 Wetin una plant, na ordinary
seed, but na di full plant dey grow kom out. 38 Dis na bikos God dey give
dem di kind body wey E wont make di plant get. 39 Pipol, animals, birds
and fish, na flesh God take make all of dem, but all of dem get difren flesh.
40 As evritin for heaven get body, na so too evritin for dis eart get body.
But one body difren from di oda ones.
41 Di sun nor bi like di moon; di moon nor bi like di star and di stars
difren from each oda. 42 Na so e go bi afta wi don raiz-up from deat. Dis
body wey wi get naw, go die, but di body wey wi go take raiz from deat, go
dey forever. 43 Wen dem beri dis body, e dey weak and go rotin, but wen
God don raiz us up from deat, di body go kon dey fine and strong forever.
44 As Fisical body dey, na so too spiritual body dey. And awa Fisical body
go shange to spiritual body. 45 Di first man na Adam and God word sey,
"Dis Adam na pesin wey God kreate like us. But Jesus, wey bi di last Adam,
na pesin wey dey give life to pipol." 46 Wi si sey di one wey get spiritual
body nor first kom. E kom afta di one wey get Fisical body. 47 Na san God
take make di first man, but di sekond man kom from heaven. 48 Evribody
body for eart, bi like di first man and evribody body for heaven, bi like di
sekond man own. 49 Just as wi bi like di first man wey kom from eart, wi
go bi like di sekond man wey kom from heaven.

50 My friends, I wont make una know sey awa body wey get blood go
rotin. Dat mean sey dis kind body, nor go fit enter God kingdom wey go
dey forever. 51 I won tell una one big sekret: Nor bi all of us go die, but
all of us go shange. 52 Before wi klose awa eye open am, e go don happen.
As dem dey blow di last trumpet, all doz wey don die go raiz. All of us go
shange, so dat wi nor go die again. 53 Awa body wey don die and rotin go
kon shange to body wey nor go ever die or rotin. 54 Di body wey wi get
naw, dey weak and e go die. But God go shange am to body wey go dey
forever. So wetin dem rite for God word go kon happen sey: "Deat nor fit
win di fight!"

55 "Yu deat! Where yor pawa?
Yu deat! How yu go take shaut sey yu win?"

56 Na sin dey make deat win and na di law dey kause sin. 57 So, make wi
tank God wey give us viktory thru awa Oga God Jesus Christ. 58 So my
friends, make una dey strong and nor let anytin shake una. Make una
always dey do God work, bikos una know sey, evritin wey una do for God,
get gain.

# 16

*Help For Jerusalem Christians*

1 Wen una kollect money from God pipol, I wont make una do as I tell
di pipol wey dey di church for Galatia sey make dem do. 2 Evry Sunday,
make each pesin dey keep some money for korna from di one wey e don
work, as God help am rish, so dat una nor go nid to kollect money wen I
kom. 3 Wen I kom, I go send pipol wey una choose kon give dem leta as
dem dey karry una gifts go Jerusalem. 4 But if una sey make I go too, den,
dem go follow mi go.

5 And afta I don finish for Masidonia, I hope to kom si 6 and stay with
una for sometaim. May bi I fit stay till dry sizin finish, so dat una go fit
help mi for anywhere wey I won go. 7 If God go let mi, I nor go one branch
si una for small time naw, bikos I go like kom leta, so dat I go fit spend
more time with una. 8 But I go stay for Efesus until Pentekost go finish,
9 bikos plenty work dey wait for mi for der, even doh di shalenge strong
well-well.

10 Wen Timoti kom, make una nor make am fear at-all, bikos na God
work wey I dey do, naim e dey do too. 11 So make evribody respet am, den
make una send am kom meet mi with peace, bikos I dey espect am with
di oda brodas.

12 I don try well-well make Apollos for fit follow oda bilivers kom visit
una, e nor won kom naw, but e go kom leta.

13 Make una shine una eye and dey strong for una faith and stand with
boldness. 14 For evritin wey una dey do, make una dey show love.

15 Una know sey na Stefanas and en family first bilive God for Akaia.
Dem don do evritin wey dem fit do for God pipol. My friends, I wont
make una 16 dey obey dis leaders and doz wey dey follow una do God
work. 17 I dey happy sey Stefanas, Fortunatus and Akaikus don kom; dem
kom ripresent una 18 and dem don let belle sweet mi, just as dem make
belle sweet una. E good make wi dey tok about pipol like dem.

19 Pipol for di church wey dey Asia aria dey greet una; Akwila and
Priscilla with di church pipol wey dey meet for dia house, dey greet una
too. 20 All di brodas sey make I greet una.
21 Na mi Paul, rite dis leta with my own hand.
22 Anybody wey nor love Christ, curse dey en head!
23 Make awa Oga God Jesus Christ grace dey with una.
24 Make my love for Jesus Christ, dey with all of una too.

# Paul Sekond Leta To Korintian Bilivers

## Introdushon

Paul first leta to Korint pipol show us how di bilivers faith strong rish and dis sekond leta show us di viktory wey di Christians get, as dem dey struggol to live di new life (1:1–7:16). Paul enkourage di pipol sey God go konfort dem as dem try do wetin God wont. E try to ripair di relashonships and kon make plans to kollect gifts for bilivers wey dey struggol for Jerusalem and tok to doz wey dey koll demsef Super-Apostols.

*I Salot*

1 Paul, wey bi Jesus Christ apostle, bikos na so God wont am, naim and
Timoti awa broda, rite dis leta go give God pipol for di church wey dey
Korint and to all di good brodas for Akaia. 2 Make God awa Papa and Oga
God Jesus Christ give una grace and peace.

*Tank God For En Konfort*

3 Make wi tank God wey bi awa Oga God Jesus Christ Papa, di God wey
dey give mesi and konfort, 4 E dey help us wen wi dey trobol, so dat wi go
fit help odas thru di help wey E help us. 5 Just as wi sofa with Christ, na so
too wi go get help from God thru Christ. 6 If wi sofa, na for una good and
salvashon; if wi dey okay, den una go fit bear di kind sofa wey wi bear.
7 So, wi get hope about una, bikos wi know sey as una dey follow us sofa,
na so una go still follow us get konfort. 8 My brodas and sistas, wi wont
make una know about di wahala wey wi face for Asia aria. Di trobol wey
wi face, heavy well-well and life kon taya us. 9 True-true, wi tink sey wi go
die. But dis happen so dat wi nor go just trust awasef, but wi go trust God
wey dey wake pipol from deat. 10 E save us from deat and E go diliver us.
Wi don put awa hope for en hand sey E go diliver us again. 11 As una don
join dey pray for us, na so too God go ansa all di many prayers wey una
dey pray for us, den E go bless us and many pipol go kon tank am, bikos
of wetin E dey do for us.

*Paul Shange Plan*

12 Wi dey happy, bikos wi know sey di way wi dey live awa life for dis
world and how wi dey bihave with una, dey show sey na God send us thru
en pawa, nor bi human being own. 13 Bikos evritin wey I rite, na wetin
una go fit read and undastand. But I hope sey una go undastand am well,
14 just as una don undastand us rish and na wi make una dey proud and
na una go make us proud too, for di day wey Jesus go kom. 15 Na with dis
mind I bi won take kom meet una before, so dat wi go bless una again.
16 Bikos I plan to visit una wen I dey go Masidonia and wen I dey kom back,
so dat una go help mi wen I dey travel go Judea. 17 So, wen I dey plan dis
tins, I nor tink before I do am? Wen I dey plan, I dey plan bikos of wetin
I wont? Or na bikos I ready to sey, "Yes, yes" or "No, no" at wons? 18 But
as God dey faithful, wetin wi dey prish give una nor bi make e for bi just
"Yes" or "No." 19 Bikos God Pikin, Jesus Christ, di One wey mi, Silas and

Timoti dey prish give una, nor bi “Yes” and “No.” But from biginnin, na
Jesus bi God “Yes.” 20 And evritin wey God promise us, na “Yes” thru Jesus
Christ. Dat na why awa “Amen” thru Jesus Christ dey give God glory. 21 Na
God make wi and una dey sure sey wi dey inside Christ. Na God choose
us from odas 22 and E don mark us as en own kon put en Spirit for awa
heart, so dat wi go dey sure of all di oda tins wey E sey E go give us.

### *Wetin Make Paul Shange En Visit*

23 Na God bi my witness, bikos E know my heart! Na bikos I nor won
disturb una naim make mi nor go Korint again. 24 Wi nor dey try to force
una to bilive us; wi know sey una faith strong well-well. But wi dey work
with una so dat una go dey happy well-well.

# 2

### *God Go Forgive Sinnas*

1 So I sey I nor go kom visit una, so dat una nor go vex again. 2 Bikos if
I make una vex, who go make mi dey happy apart from una wey dey vex
for mi? 3 Na dis make mi rite dis tin give una, so dat wen I kom, I nor go
kon dey vex for di pipol wey suppose make mi happy, bikos I know sey if
I dey happy, una go dey happy too. 4 Na pain for my heart I take rite dis
leta give una, nor bi to make una vex, but na to let una know di kind love
wey I get for una. 5 Naw if anybody don make pesin vex, nor bi only mi
e make vex, but na all of una. (I dey tok like dis bikos I nor won too vex
for di pesin). 6 Di way wey una ponish dis pesin, don rish. 7 So make una
forgive and help am, so dat e nor go luz hope and life nor go taya am. 8 So
make una let am know sey una really love am. 9 I rite dis leta give una,
so dat I go know weda una dey obey wetin I tell una. 10 Wen una forgive
pesin for wetin e do, misef go forgi-am. Bikos wen I forgive (if I really nid
to forgive), I do am for Christ present, bikos of una, 11 so dat Satan nor go
deceive us, bikos wi know en wayo. 12 Wen I go prish di Good News for
Troas, even doh Christ open door for mi, 13 my mind nor rest, bikos I nor
si awa broda, Titus, for der. So I leave der kon go Masidonia.

### *Di Apostle Ministry*

14 But make wi tank God wey make us winners inside Christ. Bikos thru
us, many pipol don know tins about Christ, like betta perfume wey dey
smell for evriwhere. 15 Bikos wi bi like sweet smell wey Christ offa give
God wey dey spread among doz wey dey save and doz wey don lost. 16 To
doz wey don lost, e bi like sometin wey dey kill; but for doz wey Christ don
save, e bi like smell wey dey give life. So, who go fit handle all dis tins?
17 Wi nor bi like odas wey dey do God word like sey na sometin wey dem
fit sell; but bikos na God send us kom, wi dey tok di trut for en present, as
Christ savant.

# 3

### *Leta Wey Dey Alive*

1 Wi don dey boast about awasef again? Wi nor nid una to rite sey, wi
dey good, even doh odas dey wont am like dat! 2 Na una bi di leta wey
Christ rite for awa heart, wey evribody know and dey read. 3 E klear sey

na Christ rite dis leta by ensef kon send am thru us. Nor bi biro dem take
rite am, but na di God wey dey alive Spirit dem take rite am, nor bi for
paper, but na for awa heart.
4 Wi get dis kind mind for God, bikos of Jesus Christ. 5 Wi nor dey sey wi
go fit do all dis tins by awasef, but na God give us di pawa wey wi take do
dem. 6 Na God make us fit do dem, so dat wi go serve di new kovenant; dis
nor bi di law wey dem rite, but na di one wey koncern God Spirit, bikos
di law wey dem rite dey bring deat, but di Spirit dey give life.

### *Di Spirit Work*

7 Di ministry wey dem rite for slate bring deat kom and di glory wey
follow am, nor let Israel pipol fit look Moses face. If di glory wey dey
Moses face, fade bikos e dey under di law, 8 den how di Spirit ministry
wey get glory, go kon bi, since e nor dey fade? 9 Bikos if glory dey for di
law wey make God kondemn pipol, den di Spirit glory wey dey give life, na
how E go betta rish? 10 Wetin get glory naw, nor get glory again, bikos di
glory wey di Spirit wey dey kom afta am get, big well-well. 11 If Moses face
get glory, den how di glory wey dey di Pesin face wey nor dey die, go bi?
12 Na dis hope wi get and naim dey make us tok without fear. 13 Wi nor bi
like Moses wey take klot kover en face, so dat Israel pipol nor go si di glory
wey go fade komot. 14 But dia mind dey klose. And till today, dia mind still
block wen dem dey read di old kovenant. Dem neva remove am, bikos na
for only Christ body, dem go fit take remove am. 15 So till today, anytime
wey dem read wetin Moses rite, sometin dey kover dia mind, 16 but wen
pesin turn kom meet God, dat tin go komot from en life. 17 Na God bi di
Spirit and anywhere en Spirit dey, pipol go dey free. 18 All of us wey don
bilive Christ, God glory dey show for awa face. So di Spirit dey help us
shange, so dat wi go bi like Christ.

## 4

### *Paul Dey Bear*

1 So as wi get dis ministry, just as God don show us mesi, awa hope don
strong well-well. 2 But wi don stop to dey do wiked tins wey pipol dey
hide dey do; wi nor dey do wayo or lie join God word, but with trut wey
evribody fit si, wi dey make evribody know for dia mind sey, wetin wi dey
do, dey good for God eye. 3 But even if dem use klot take kover di gospel
wey wi dey prish, doz wey don lost, na only dem nor go si am, 4 bikos doz
wey nor bilive, di gods for dis time don blind dia mind, so dem nor go si
lite wey dey dis gospel wey get glory and dis gospel na Christ wey bi God
image. 5 Wi nor dey tok about awasef, but wi dey prish sey, na Jesus Christ
bi Oga God and wi bi una slave, bikos of am. 6 Bikos God wey sey, "Make
lite shine from darkness," Na-im dey shine inside awa heart, so dat E go
give us di lite wey show us en glory wey dey Christ face.

### *Glory Wey Get Pawa*

7 But dis betta tin wey God give us, wi dey karry am for inside awa body
wey go die like klay pot wey break and na God give us di pawa. 8 Wi dey
face wahala for difren korna, but awa body nor skata; wi dey konfuse
sometaim, but wi nor dey luz hope, 9 pipol dey ponish us, but God nor let
us die; dem dey nak us for groun, but dem nor fit distroy us. 10 As wi dey

waka, wi karry Christ deat for awa body, so dat pipol go si Jesus life for
awa body too. [11] Dem always dey won kill wi wey dey alive bikos of Jesus
Christ, so dat dem go si Jesus life for awa ordinary body. [12] Bikos of dis,
deat dey work inside us, but life dey work inside una. [13] But as e bi sey wi
get di same spirit wey dey give faith, just as dem rite sey, "I bilive; naim
make mi dey tok." So wisef bilive, naim make us dey tok too. [14] Wi do
like dis, bikos wi know sey di Pesin wey raiz-up Jesus, go still raiz us up
with Jesus and E go take wi and una enter en kingdom. [15] All dis tins na
for una good, so dat God grace wey dey rish many pipol evriday, go make
pipol dey tank God more-more and all di glory go bi en own. [16] So, make
wi nor luz hope, bikos even if awa body dey die go small-small, di Pesin
wey dey inside us, dey fresh evriday. [17] Bikos di small trobol wey wi dey
face naw, go bring glory wey big well-well, wey go last forever and wey
betta pass anytin for dis world. [18] Wi nor dey look for wetin eye fit si, but
na wetin eye nor fit si. Bikos wetin eye fit si nor go last, but di tins wey
eye nor fit si, dey last forever.

# 5

### *New Body*

[1] Wi know sey if dis awa house for eart, wey bi awa body skata, God get
di one wey wi go stay, wey e bi sey nor bi human being hand build am
and e go last forever for heaven. [2] Bikos for dis awa house for eart, wi dey
struggol, bikos wi nor fit wait to wear awa new body for heaven. [3] Afta wi
don wear awa new body for heaven, wi nor go dey naked again. [4] Wi dey
struggol as wi dey dis awa body. Wi dey karry heavy load, bikos wi nor
won remove di klot wey bi awa body, but wi won wear heaven own join
am, so dat life go swallow dis awa body wey fit die. [5] Naw, di Pesin wey
prepare us for dis tins, na God wey give us di Spirit, so dat wi go dey sure
of all di oda tins wey E get for us. [6] So, wi dey always get mind and wi
know sey, as long as wi dey alive for dis eart, wi nor dey where God dey,
[7] bikos wi dey live awa life with faith, nor bi with wetin wi dey si. [8] So
wi dey always get di mind sey wi go die komot from dis world, so dat wi
go-go stay with Jesus Christ for where e dey. [9] So, weda wi dey alive or wi
don die, wi dey do evritin wey wi fit do to make Christ happy. [10] Bikos all
of us must stand for Christ front and e go judge us akordin to di tins wey
wi do wen wi dey dis eart; weda dem good or bad.

### *Salvashon Message*

[11] So, bikos wi know wetin e mean to fear God, naim make us dey prish
and beg pipol. But God know us well-well and I hope sey una know us
well-well for una mind too. [12] Wi nor dey try to tok make una for sey wi
dey good, but wi dey give una shance to boast, so dat una go fit ansa pipol
wey dey boast with wetin eye fit si, but nor bi wetin dey dia mind. [13] If
wi dey kraze, na bikos of God; but if wi nor dey kraze, na bikos of una.
[14] Bikos na Christ love dey kontrol us since wi know sey, Christ die for
evribody; so evribody don die. [15] And e die for evribody, so dat evribody
wey dey live nor go live for diasef again, but for di Pesin wey die and
wake-up afta three days. [16] So naw, wi nor dey look anybody like ordinary
human being. Even doh wi bin know Christ like dat before, wi nor know

am like dat again. 17 So, if any man dey inside Christ, e don dey new, Christ
don klean di bad tins wey e do before and evritin don turn to new one!
18 All dis tins dey kom from God wey make us en friends bikos of Christ
and E still give us di ministry wey go make pipol bi en friend. 19 So, bikos
of Christ, God dey turn di world from en enemy, to en friend. E nor dey
kount pipol sins against dem and E don give us di message wey go make
pipol bi en friend. 20 Wi dey ripresent Christ, so dat God go tok to una,
thru us. Wi dey beg una bikos of Christ sey, "Make una shange kon bi God
friend!" 21 Di One wey nor dey sin, God make am awa sin, so dat inside
am, wi go kon dey good for God eye.

# 6

*God Savants Wey Dey Sofa*

1 Naw, bikos wi bi fellow workers, wi dey beg una make una nor waste
God grace wey una don receive. 2 Bikos E sey, "I hear una for di rite time
and wen di day for Mi to save una rish, I help una." Si, na di rite time
bi dis; na naw bi di day for salvashon! 3 Wi nor dey do anytin wey go
make anybody vex, so dat nobody go si any fault for awa work. 4 But wi
dey show sey wi bi God savant for evritin wey wi dey do. Wi dey sofa
well-well and face trobol for dis time; even for wiked times; 5 for di time
wey dem dey beat us and put us for prison; for di time wey dem dey fight;
for wahala time; for nite wey wi nor fit sleep and for hongry time. 6 Wi
dey do all dis tins with awa klean life, di tins wey wi know; di patient wey
wi get; di good wey wi dey do for pipol; di Holy Spirit wey wi get; betta
love wey wi show pipol; 7 thru di word wey wi dey tish with God pawa;
with wetin wi take dey defend awa raitiousness both for awa rite and left
hand; 8 for di time wey dem honor or disgrace us; for di time wen dem tok
bad about us or praiz us; di time wey dem do us like sey wi dey tok lie,
but wi dey tok trut. 9 Dat time, e bi like sey nobody know us, but evribody
know us; e bi like sey wi don die, but wi dey alive; wi still dey alive like
pipol wey dem dey ponish, but dem nor fit kill us; 10 wi dey like sey wi
dey vex, but wi dey always happy; wi bi like poor pipol, but wi dey make
many pipol rish; wi bi like who nor get anytin, but wi get evritin.

11 So, una wey bi Korint pipol, wi don open awa heart tell una evritin.
12 Wi nor dey whole awa love from una, but na una dey whole una love
from us. 13 So make wi make am ekwol. I dey tok to una like sey una bi
my shidren, so make una open una heart for us too.

*Una And Dem Nor Bi Di Same*

14 Make una nor make friend with pipol wey nor bilive, bikos, na wish
kind friend raitiousness and bad tin won bi, or na wetin lite and darkness
get togeda? 15 And na wish kind agriment Christ and devil get? Wetin
koncern pesin wey bilive and pesin wey nor bilive? 16 Wish kind business
God Temple and juju get? Bikos wi bi God Temple, just as God sey, "I go
stay inside dem and waka among dem, den, I go bi dia God and dem go
bi my pipol." 17 Christ still sey, "Make una kom out and separate unasef
from dem," and "Make una nor tosh anytin wey nor dey klean, den I go
welkom una 18 kon bi una Papa and una go bi my shidren." Na so God
wey get all di pawa, tok.

# 7

*Leta Wey Kause Pain*

1 So, as God don promise us all dis tins, make wi wosh awasef komot
from evritin wey go fit make awa body or awa soul dirty, so dat wi go dey
holy as wi dey respet God. 2 Make una allow di gospel enter una heart
bikos wi nor do bad to anybody or fall anybody business or play anybody
wayo. 3 I nor dey tok dis one to kondemn una, bikos I don tell una before
sey, una dey awa mind and wi with una go die and live togeda with Christ.

*Di Leta Wey Make Pipol Vex*

4 For inside all dis sofa wey wi dey sofa, I still trust and dey boast well-
well about una, bikos I get mind for una and my happiness full dey trowey.
5 Even wen wi enter Masidonia, wi nor rest at-all, but dem trobol us from
difren korna; wahala for outside, fear for inside. 6 But God wey dey help
pipol wey nor happy, naim kon help us wen Titus kom. 7 Wi kon dey happy,
nor bi only sey Titus kom, but bikos of di advise wey una gi-am, bikos e
tell us how una won si mi; how una dey vex and worry for mi and my
happiness kon pass as e bi before. 8 Bikos even if I make una vex with my
leta, e nor pain mi sey I rite am (even doh e pain mi as I know sey e make
una vex, aldo una vexnashon nor tey). 9 Naw I dey happy, nor bi bikos una
dey vex, but bikos una vexnashon make una turn from sin kom meet God.
Na so God plan una vexnashon, so dat bad tins nor go happen to una bikos
of dis vexnashon wey wi kause for una. 10 Bikos wen God make pipol sorry
for di sin wey dem kommit, dem go turn kom meet am, den God go save
dem and dem nor go regret again. But di vexnashon wey dis world dey
bring, na deat dey end am. 11 Naw, make una si wetin dis vexnashon wey
God plan don do for una: Si how una work for God bi naw; si how una
won show sey una hand klean; si as una dey vex bikos of di bad tin wey
happen; si how una dey sopraiz; si as una dey won si and worry about
us; si how una ready to ponish anybody wey do bad! For evritin, una don
show sey una hand klean for dis matter. 12 I nor rite dis leta give una bikos
of di pesin wey do bad or di pesin wey dem do di bad to, but na to show
una how una won work for God bikos of us. 13 So, Christ don make awa
mind strong. Even as awa heart don strong rish, wi dey happy more-more
for Titus wey kom, bikos all of una don let en mind rest. 14 I don boast
gi-am about una and una nor let mi shame, but as evritin wey wi tell una
na true, na so all di boast wey wi boast about una give Titus, na trut too.
15 And wen e remember how una obey and welkom am with respet and
fear, di love wey e get for una, kon strong well-well. 16 Evritin dey make
mi happy, bikos di trust wey I trust una, nor dey shake.

# 8

*Pipol Wey Dey Save*

1 Awa brodas and sistas, wi don tell una about di grace wey God give di
pipol for di church for Masidonia sey, 2 even wen dia sofa strong well-well;
dem still dey happy and wen dem nor get money at-all; dem still dey fine
money give us. 3 I bi witness sey dem dey give akordin to wetin dem get.
Sometaim, dem dey give pass wetin dem get. Nobody dey force dem to
do like dat, but dem dey do am from dia own mind 4 and dem dey beg us
make wi let dem do am, so dat dem go get di blessing wey dey follow pipol

wey dey give. 5 Dem dey do like dis, nor bi only as wi wont am, but na
bikos dem don first give demsef to God, den dem kon give demsef to us
as God wont. 6 Na dis make us beg Titus sey, as e don start, e good make
e finish dis good work wey e dey do, bikos e love una. 7 But as una dey
do well for evritin: For faith; for tok; for wetin una know and as una won
do di work well, bikos una love us, make una make sure sey una dey do
dis good with all una heart. 8 Nor bi sey I dey kommand una, but I won si
weda una love na really won like di oda church pipol own. 9 Una know di
grace wey awa Oga God Jesus Christ get; even doh e dey rish, e kon turn
poor man bikos of una, so dat thru en poverty, una go dey rish. 10 Na wetin
I tink for di matter bi dis: Una start well last year for how una dey give
and how una dey won give, 11 so e betta make una just finish wetin una
start, so dat di way wey una take start, na so too una go still take finish
am as una pawa rish. 12 Bikos if e really dey una mind to do am, anytin
wey una give akordin to wetin una get, God go asept am, but nor bi wetin
una nor get. 13 I nor dey tok dis one, so dat wen una don give oda pipol,
dem go kon get and una go kon dey sofa, but na to make sure sey tins dey
ekwol. 14 As tins bi naw, di money wey una get go help dem as dem nor
get, so dat one day, di money wey dem go get go still help una wen una
nor get, dat time evritin go kon dey ekwol, bikos 15 dem rite for God word
sey: "Di pesin wey gada plenty, nor go get plenty and di pesin wey gada
small, go get di one wey go rish am."

### *Titus Mission*

16 Wi tank God wey give Titus di kind mind wey I get to help una. 17 Bikos
e nor only gri for wetin wi ask am, but e dey help una well-well and nobody
force am kom meet una. 18 And di broda wey all di church dem dey praiz,
bikos of how e dey prish di gospel, wi dey send am follow Titus too and
19 bikos of di work wey di broda dey do, di church don choose am as di
pesin wey go dey follow us travel as wi dey give dis good gift, so dat all di
glory go bi God own and dis go show sey wi dey ready to help. 20 Wi dey
do like dis, so dat nobody go komplain as wi dey share dis gift. 21 Bikos
wi dey try to do wetin dey rite, nor bi only for God eye, but for pipol eye
too. 22 So wi dey send awa broda follow dem; awa broda wey wi don test
plenty times kon si sey e get di mind to help and e ready to help naw, bikos
e trust una well-well. 23 But for Titus, en na my patina and e dey follow
mi work to help una. As for di oda brodas wey dey follow am, na all di
church sey make dem kom meet una, so dat dem go tell una about di glory
wey dey inside Christ. 24 So make una show dem sey, una love dem, so dat
all di pipol for di church go know sey, di way wey wi dey boast about una,
na true.

# 9

### *How To Give*

1 I nor nid to rite to una about how to help God pipol wey dey Jerusalem,
2 bikos I know sey una one help dem. I always dey boast give Masidonia
pipol sey, una wey dey Akaia, dey always won help and una don ready to
give money since last year. And di way wey una dey won help, don make
some for dem won help too. 3 But I dey send dis brodas kom meet una to
make sure sey una dey ready; as I don tell dem before sey, una don already

kollect money. So make una nor let shame katch mi, as I dey boast about
una. 4 But if anybody for Masidonia follow mi kom meet una, den e si sey
una neva ready to give, shame go katch us, (I nor go tok too mush) bikos
wi trust una. 5 Naim make mi beg dis brodas make dem go for my front
before di time go rish and make dem help una arrange di money wey una
promise, so dat una go do am with una mind and nobody go force una.
6 Na wetin I dey tok bi dis; Pesin wey plant small, go harvest small, but
di pesin wey plant plenty, go harvest plenty. 7 Make each of una give as e
plan for en mind; nor bi with regret or like sey dem force am, bikos God
love pesin wey dey give with happiness. 8 God go provide evritin wey una
nid. Den, una go always get evritin wey una nid and di one wey una go
fit give odas. 9 Just as dem rite for God word, "E don skata for evriwhere,
e don give to poor pipol and en raitiousness, go dey forever." 10 Bikos na
God dey give seed to farmer and provide bread wey pipol go chop. Like
dis too, E go provide and di tins wey una nid, go plenty well-well and dem
go last forever. 11 E go make una get enough money for evritin, so dat
evritime, una go fit dey give well-well and di pipol wey una give money,
go always dey tank God. 12 Bikos dis work wey una dey do so, nor just dey
help only God pipol, but e dey always make pipol, tank God. 13 Bikos of
una work, pipol go praiz God, bikos una dey obey Christ word wey una
bilive and una dey share evritin wey una get with good mind. 14 So, bikos
of God big grace wey E give una, pipol dey pray for una with strong love.
15 Na dis make us dey tank God for dis gift wey pesin mout nor fit tok.

# 10

### *Authority Wey Paul Get*

1 Naw, mi Paul (I kwayet wen I dey with una, but my mout dey sharp
naw wen I don leave una). Christ wey nor dey karry body up, wey dey
gentol, 2 I take am beg una, so dat wen I kom, I nor go nid to tok with
vexnashon about pipol wey si us like yeye pipol (bikos I dey fear sey na so
e go bi). 3 Bikos even doh wi dey for dis world, wi nor dey fight as pipol
wont am. 4 Di tins wey wi take dey fight, nor bi dis world own, but na
God make am strong, so dat wi go fit skata all di strong place where wiked
pipol dey. Wi dey skata trobol; 5 pipol wey dey karry body up; doz wey
nor wont make odas know God and as wi dey do like dis, pipol dey obey
Christ. 6 And wen una don show sey una dey fear God, wi go always dey
ready to ponish doz wey dey disobey God. 7 Na only tins wey eye fit si,
naim una know. If anybody dey sure sey e bilong to Christ, make e tink
about am again: If e bilong to Christ, den wi na Christ own too. 8 Bikos
if I boast small about di authority wey Jesus give us make wi take build,
instead of to distroy una, I nor go shame to do am. 9 I nor wont make una
dey fear, bikos of wetin I rite, 10 bikos some pipol dey sey, "En letas dey
heavy and get pawa well-well, but if yu si am for groun, e nor get pawa
and e nor even fit tok well." 11 Make doz pipol know sey, "Wetin wi tok
for leta wen wi nor dey with una, wi dey do am wen wi dey with una."

### *Wetin Paul Do*

12 Wi nor go kompare awasef with doz wey sey dem good well-well or
kon put awasef for di same group. But wen dem dey measure and kompare

demsef with demsef, e dey show sey dem nor get sense. 13 But wi nor go
boast pass as wi suppose boast; wi go boast akordin to di work wey God
give us and una dey inside dat work too. 14 Wi nor dey do awa work pass
as wi suppose do am wen wi dey with una, bikos na wi bi first to bring
Christ message kom meet una. 15 Wi nor dey boast anyhow about di work
wey oda pipol do, but wi dey hope sey as una faith dey grow well-well,
awa work among una go big, just as God share am give us, 16 so dat wi go
fit prish di gospel for oda kountries wey far pass una own. So make wi
nor boast about di work wey odas do for oda aria. 17 But pesin wey won
boast, make e boast about di work wey Jesus do. 18 Bikos nor bi who praiz
ensef dey rite, but na di pesin wey God like to praiz.

# 11

*Fake Prishas*

1 For wetin I won tok naw, make una bear with mi like sey I nor get
sense! 2 I dey jealous for una with God jealousy, bikos I promise sey na
one man una go marry. Like woman wey nor no man, na so I won give una
to Christ. 3 But I dey fear sey, just as di snake deceive Eve with en wayo,
una mind fit spoil komot for di true and di way wey una dey follow Christ.
4 So, if anybody kon prish anoda Christ wey wi nor prish for una and una
receive anoda spirit wey una nor receive before, or anoda gospel wey una
neva hear before, dat mean sey, una don asept dem well. 5 I nor tink sey
doz "supper apostle" betta pass mi. 6 But even doh I nor know how to tok,
I know book. True-true, wi don let una know dis tins wey happen. 7 As I
honbol mysef dey do di work, na sin I kommit? I dey do am, so dat una
go fit grow up and wen I prish give una, I nor kollect money. 8 I shit di
oda church dem, bikos I dey kollect money from dem, so dat I go dey work
with una for free! 9 Wen I nid anytin for di time wen I dey with una, I nor
put my load for anybody head, bikos awa brodas wey Masidonia dey give
mi evritin wey I nid. I nor allow mysef to bi problem for anybody and I
nor go ever do am. 10 True-true, as Christ trut dey inside mi, nobody go fit
stop mi for di way I dey boast for Akaia. 11 Why? Na bikos I nor love una?
No! God know sey I love una! 12 And I go kontinue to do wetin I dey do,
so dat doz apostles nor go get rizin to boast sey, dem dey do di same work
with us. 13 Bikos dem bi fake apostles; pipol wey dey lie and pritend like
sey dem bi Jesus Christ apostles. 14 E nor sopraiz us, bikos even Satan dey
pritend sey en na angel wey get lite. 15 So e nor sopraiz us sey, en savants
dey pritend too like sey dem bi savant wey dey do wetin good for God eye.
For di end, dem go gain wetin fit di tins wey dem dey do.

*Paul Sofa For Christ*

16 I dey tell una again, make anybody nor tink sey I bi fool. But if una
tink so, den make una asept mi as fool, so dat misef go boast small. 17 Wetin
I dey boast about so, nor bi as Christ wont make I boast, instead, I dey tok
like fool. 18 Since some pipol dey boast like dis world pipol, make mi mysef
still boast. 19 Una sey una get sense well-well, yet una dey use happiness
asept wetin fool dey tok. 20 Una like make pesin turn una to slave; use
and shit una; take evritin wey una get, den beat and slap una anyhow.
21 (Na shame for mi, but I must tell una sey awa heart nor strong rish to

do una doz kind tins!) But anytin wey anybody fit boast about (I dey tok
like fool naw o-o), misef fit boast about dat tin too. 22 Na Hibru pipol dem
bi? Misef na Hibru pesin too. Dem bi Israel pipol? Mi na Israel pesin
too. Na Abraham bi dia grand-grand papa? Na dat same Abraham bi my
grand-grand papa too. 23 Na Christ savants bi? (I don dey tok like sey I
dey kraze again!) Misef na Christ savant wey betta pass dem! I don work
hard pass dem, I don dey prison plenty times pass dem, dem don beat mi
well-well pass dem, I don nearly die plenty times. 24 Na five times Jew
pipol don flog mi thirty-nine times. 25 Rome pipol don beat mi three times.
Dem stone mi wons until I nearly die. Sheep wey I dey inside, don spoil for
wota three times. I don float wons for wota from morning go rish di next
day. 26 I don travel many times wey I enter trobol for wota; for tif hand,
even for my kountry pipol and Gentile pipol hand; both for inside town;
for wildaness and from pipol wey dey pritend sey dem bi awa brodas. 27 I
don do hard work; nor sleep for many nites; food and wota go dey hongry
mi; many times, I nor get food to chop. I don dey for kold and I nor get
klot to kover body. 28 Apart from dis tins, my mind dey heavy mi evriday
as I dey tink of how I go take help all di pipol wey dey God church. 29 If
pesin dey weak, misef dey weak too. If dem deceive pesin enter sin, e dey
pain mi well-well. 30 If I go must boast, den I go boast about di tins wey
show sey I dey weak. 31 God wey bi awa Oga God Jesus Christ Papa, wey
dem go praiz forever, know sey nor bi lie I dey tok. 32 For Damaskus, King
Aretas sey make di govnor put sojas for di town gate, so dat dem go arrest
mi. 33 But awa pipol for der kon put mi for basket wey dem tie rope put
kon drop mi small-small from di window and na so I take eskape from di
man hand.

# 12

### *Paul Vishon*

1 E good to dey boast, even doh gain nor dey inside. I go still dey tok
about di vishon and revelashon wey Jesus Christ show mi. 2 Fourteen years
ago, I know one man wey bi Christ savant. Weda na for vishon or Fisical,
I nor know, but God know. God karry am go di heaven wey high pass.
3 And I know dis man (but na only God know weda e dey for en body or
for spirit). 4 God karry am go paradise and e hear tins wey dey too holy to
tok; tins wey God nor give human being pawa to tok. 5 Na dat pesin make
mi dey boast and I nor go boast about mysef, escept di tins wey show sey, I
nor dey strong. 6 Even if I won boast, I nor go bi fool, bikos na trut I go still
tok, but I nor do am make anybody for tink sey na mi know pass, bikos e
si and hear mi dey tok 7 about di betta tins wey I si for vishon. Make I for
nor dey karry body up, God put sometin inside mi, wey bi Satan messenja,
so dat e go dey trobol mi. 8 Na three times I ask Christ sey, make e take
dis tin komot from my body. 9 But e tell mi, "Di grace wey I give yu strong
rish, bikos my pawa dey show wen yu dey weak." So, I go boast well-well
about how I nor dey strong, so dat Christ pawa go dey show for my body.
10 I dey happy as I dey weak with all di curse, trobols, ponishment and
wahala wey I dey sofa bikos of Christ, bikos anytime wey I dey weak, na
dat time, I dey-dey strong.

11 I don turn to fool! Na una force mi, bikos una suppose to praiz mi.
Even if I nor bi anytin, e nor get anytin wey doz una "supper apostles" take
betta pass mi. 12 True-true for una present, wi do mirakles and wonders
to show sey wi bi apostles too. 13 Bikos di way wey dem trit us worse pass
di oda church, escept sey I nor dey put my load for una head. Make una
forgive mi for dis tins wey I do! 14 Si, for di third time, I don ready to kom
visit una and I nor go put my load for una head, bikos na una I wont and
nor bi wetin una get. Nor bi pikin suppose pay for dia papa and mama
food, but na papa and mama, dey pay for dia pikin food. 15 I go dey happy
to spend all my money and even my life, as long as una soul go dey save.
Una love for mi dey small, bikos my love for una plenty? 16 Even if e bi like
dat, I nor put my load for una head. But dem sey, bikos I bi wayo pesin,
I dey deceive una! 17 I nor play anybody wayo thru di pesin wen I send
kom meet una, abi I dey lie? 18 Abeg Titus make e visit una and I send
dat broda make e follow am kom. Dem play una wayo? Nor bi di same
mind wi awasef take follow una? Abi nor bi di same way wi dey bihave?
19 May bi una dey tink sey wi dey tok dis tins to defend awasef. No! Wi
dey tok to una like dis as Christ savant and na God bi awa witness. Evritin
wey wi dey do, na to make una strong. 20 Bikos I dey fear sey wen I kom,
I nor go like wetin I go si and una nor go like as I go tok. I dey fear sey
una go dey kworel, dey jealous each oda; dey vex; dey tink of only unasef;
dey tok bad about each oda; dey do aproko; dey karry body up and dey
bihave anyhow. 21 I dey fear sey wen I kom again, God go disgrace mi for
una front. And I go kry, bikos many of una still dey sin. Una neva turn
from sin kom meet God; una neva turn komot from di ashawo and yeye
life wey una dey live.

# 13

*Paul Visit Korint Again*

1 Na di third time wey I dey kom visit una bi dis. If dem sey pesin do
bad, two or three pipol must sey, na true, before pipol go bilive am. 2 Wen
I dey with una for my sekond visit, I tell una wey dey sin before about
dis tins. Even doh I nor dey with una naw, I dey tok am again sey, if I
kom again, I nor go sorry for anybody, but I go ponish am, 3 bikos una
sey make I show sey Christ dey tok thru mi. Christ nor dey weak to una,
bikos e show en pawa among una. 4 True-true, bikos e nor show en pawa,
na dat make dem fit nail am for cross, but e dey alive naw, bikos of God
pawa. Aldo wi dey weak with am, but wi go dey alive togeda with am,
bikos of God pawa wey wi get. 5 Make una test unasef to know weda una
still dey inside di faith; e good make una shek unasef well-well! Una nor
know sey Christ dey inside una? May bi una don fail di test! 6 I hope sey
una go know sey wi neva fail di test! 7 Wi dey pray to God make una nor
do anytin bad; wi nor dey do am to show sey wi pass di test, but make
una for do wetin good, even if e bi like sey wi fail di test. 8 Wi nor go fit
do anytin against di trut, but na di trut go make us do evritin. 9 Belle dey
sweet us wen ever wi dey weak and una dey strong. And na wetin wi dey
pray for bi dis, "Una go get evritin wey una suppose get." 10 Na dis make
mi dey rite all dis tins since I nor dey with una, so dat wen I kom, I nor go

vex for una bikos of di authority wey I get and God give mi dis authority to build; nor bi to distroy.

### *Final Advise And Greetin*

11 Finally my brodas and sistas, make una use happiness dey do tins as dem suppose bi. Make una take heart, dey greet each oda and live togeda
for peace and di God wey get love and peace, go dey with una. 12 Make
una greet each oda for Christian way. 13 All God pipol for here dey greet
una. 14 Make di grace wey awa Oga God Jesus Christ give us and di love
wey God get for us, plus di Holy Spirit fellowship, dey with una.

# Paul Leta To Galatian Bilivers

## Introdushon

Na Paul first prish for Galatia, so di Christians for di church for der, kon bi like en own shidren. But afta Paul leave dem, some pipol kon kom to tell di Christians sey wetin Paul tish nor bi di true gospel. Dis pipol kon mislead di Galatian bilivers dey sey, unless dem sekonsaiz, dem nor di true Christian (1:6-7). Dem also sey Paul nor bi true apostle bikos e dey tish pipol wetin nor korrect (2:1-10). Na dis tins make Paul rite dis leta to dem. E tell dem sey dem nor nid to sekonsaiz for dem to bi Christian. Di big message bi sey na only faith in Christ dey save pesin, not to just obey di law (3:26-27), bikos di law nor get pawa to do am. So Gentile pipol wey dey follow Jesus, nor nid to sekonsaiz at-all, for dem to bi Christian.

*I Salot*

1 Na mi Paul, rite dis leta, (nor bi human being make mi apostle, but na
Jesus Christ and God awa Papa wey raiz am from deat). 2 Mi and di brodas
wey dey here, dey greet una wey dey Galatia. 3 Make God awa Papa and
Oga God Jesus Christ grace and peace, dey with una. 4 Na Jesus die for
awa sins, bikos na so God awa Papa wont am. 5 Make all glory bi en own
forever and ever! Amen.

*One Gospel*

6 I sopraiz sey una kwik turn back from di Pesin wey koll una with en
grace kon bigin follow oda tishing. 7 Nor bi sey anoda gospel really dey,
but some pipol dey disturb una, bikos dem won shange wetin wi prish
about Christ. 8 But if wi (or angels wey kom from heaven) tish una difren
tins from di one wey wi prish give una before, make God distroy us with
fire! 9 As I tok before, I dey repeat am again, if anybody dey tish difren
tins from di ones wey wi prish give una before, make God trow dat pesin
for hell! 10 Una tink sey, I dey try to do tins make pipol for like mi? Abi I
dey do wetin God wont? Or I dey try to make belle sweet pipol? If I dey
try to make belle sweet pipol, den I nor bi Christ savant again!

*Paul Na Apostle*

11 My brodas and sistas, I wont make una know sey di gospel wey I dey
prish, nor bi human being give mi. 12 Bikos I nor get or learn am from
anybody, but I get am thru di revelashon wey Christ give mi.

13 Una don hear about di kind life wey I dey live before as Jew pesin;
how I trobol di church kon dey try to distroy am. 14 I grow among Jew
pipol kon know di relijon pass many of my mates for my kountry and I
know my grand-grand papa dem tradishons. 15 But God koll mi with en
grace kon separate mi even before dem born mi. 16 E show mi en pikin,
so dat I go fit prish about am give Gentile pipol. I nor go meet anybody
make e advise mi 17 and I nor go Jerusalem go meet pipol wey bi apostle
before mi, but I komot der go Arabia, den I kon go back to Damaskus.

18 Afta three years, I go visit Pita for Jerusalem, so dat e go tell mi wetin I
go do and I stay with am for fifteen days. 19 But I nor go si any oda apostle
apart from James, wey bi Jesus Christ broda. 20 God dey si wetin I dey rite,
bikos evritin wey I dey rite to una so, na true! 21 Afta dis, I kon go Siria
and Silisia aria. 22 But di pipol for di church wey dey Judea, nor know
mi. 23 Dem only dey hear sey, “Di pesin wey dey trobol us before, don dey
prish di message wey e bin dey try to distroy.” 24 So dem kon dey praiz
God bikos of mi.

# 2

*Di Apostles Support Paul*

1 Afta fourteen years, I kon go back to Jerusalem with Banabas and Titus.
2 I go der bikos of di revelashon wey I receive, den I tell dem about wetin
I dey prish give Gentile pipol. But I tok with di oga dem, so dat dem go
dey sure sey, I dey prish Christ message. 3 Titus dey with mi; even doh en
na Greek pesin, dem nor sey e must sekonsaiz. 4 Dem diskuss dis matter,
bikos of di fake brodas with dia wayo wey dem take dey spy di freedom
wey Christ give us, so dat dem go fit make us dia slave. 5 But wi nor give
dem shance, so dat di trut wey dey di gospel, go last for una.

6 But doz wey tink sey dem bi oga, (wetin dem bi, nor mean anytin to
mi; bikos God nor dey support bad tin); dem wey bi leaders for di church
nor add anytin to my message. 7 But dem kon si sey na God sey make I
prish en word to pipol wey dem nor sekonsaiz, just as E sey make Pita
prish to doz wey dem sekonsaiz, 8 (Bikos na thru God pawa Pita take prish
to Jew pipol and na di same pawa I take dey prish give Gentile pipol too),
9 so wen James, Pita and John wey bi leaders for di church, si sey God give
mi grace, dem kon dey support mi and Banabas sey, “Make wi dey prish
give Gentile pipol and doz wey dem sekonsaiz.” 10 But dem sey make wi
always remember poor pipol and na wetin dey my mind to do, bi dat.

*Paul Shalenge Pita*

11 But wen Pita kom Antiok, I kon shalenge am, bikos wetin e do, nor
good. 12 Pita dey chop with Gentile pipol until some pipol wey James send,
kom rish der. As Pita si dem, e kon stop to chop with Gentile pipol, bikos e
dey fear di pipol wey kom, since dem bilive sey evribody must sekonsaiz.
13 Oda Jew pipol kon dey pritend like Pita, sotey Banabas join dem too.
14 But wen I si sey dem nor dey do wetin dem rite for God word, I kon tell
Pita for dia front, “If yu wey bi Jew, dey do like Gentile pipol, how yu wont
take make Gentile pipol live like Jew pipol?”

*Who Bi Jew Or Gentile Sef*

15 Wi bi Jew pipol bikos of how dem born us and wi nor bi Gentile pipol
wey bi sinnas. 16 Wi know sey nobody dey free from God judgement, bikos
na so di law tok and pipol go only dey free, if dem get faith for Christ. Since
wi don bilive Christ, wi suppose to dey do good thru di faith wey wi get for
Christ and nor bi to dey do wetin di law tok and wi nor go dey free from
judgement, wen wi do only wetin di law tok. 17 Make wi dey kommit sin
as wi dey try to do good, bikos wi get faith for Christ? If na so, dat mean
sey Christ don dey support sin! 18 Naw, if I dey ripair di law wey I don
first skata, dat mean sey I dey break God law. 19 As for di law, I don die

to am, so dat I go fit dey alive with God. [20] I don die with Christ for cross,
so nor bi mi dey live again, but na Christ dey live inside mi. Di life wey I
dey live naw, na bikos of di good tins wey God pikin do inside mi, bikos e
love and die for mi. [21] I nor go trowey God grace; bikos if na wetin di law
tok go make pesin good, den Christ die for nor-tin!

# 3

### *Law Or Faith*

[1] Galatia pipol, una nor get sense at-all! Who turn una to fool naw?
Bikos na for una front wi for show sey Jesus Christ die for cross! [2] Na di
tin wey I won know from una, bi dis: Una receive di Spirit, bikos una dey
do wetin di law tok or na bikos una bilive wetin wi prish give una? [3] Na
so una mumu rish? True-true, una start with di Holy Spirit, but naw, una
won finish di work with human being pawa. [4] Una sofa dis many tins for
nor-tin? True-true, una really sofa for nor-tin. [5] Wetin make God give una
di Spirit to do mirakle? Na bikos una do wetin di law tok or bikos una
bilive wetin una hear?

[6] Just as Abraham bilive God and God koll am raitious man, [7] na so too,
doz wey bilive, go bi Abraham shidren. [8] Dem rite for God word before
sey, "E go asept Gentile pipol, wen dem get faith" and na dis make am tell
Abraham before di time rish sey, "E go bless evribody, bikos of am." [9] So
pipol wey bilive, God go bless dem togeda with Abraham, bikos dem bilive.
[10] Pipol wey dey under di law and dem nor dey do evritin wey di law tok,
dey under curse, bikos dem rite am sey, "E nor go betta for anybody wey
nor dey do evritin wey dey di law." [11] Dis one show sey, nobody dey good
for God eye, bikos e dey obey di law. So anybody wey dey raitious, must
live by faith. [12] Di law nor dey bring faith, but di pesin wey dey do wetin di
law tok, go live by wetin e dey do. [13] Christ don save us from di curse wey
di law bring, bikos e die for cross for us (just as dem rite am, "Anybody
wey dem hang for tree, curse dey en head"), [14] so thru Christ, Abraham
blessings go kom meet Gentile pipol and wi go receive di Spirit wey God
promise us, thru faith.

### *Na Promise, Nor Bi Law*

[15] My brodas and sistas, make I use wetin dey happen evriday for life
take make ezample for una: Wen pipol don make agriment, nobody go fit
trow di agriment for korna or add anytin join am. [16] Wi know sey God
make dis promise with Abraham and en pikin. God word nor sey, "to di
shidren", but e sey, "and to yor pikin," and e mean only one and dat one,
na Christ. [17] Na wetin I dey tok bi dis: Di law wey kom afta four hundred
and thirty years, nor get pawa to break di agriment and promise wey God
and Abraham don make before. [18] Bikos if promise dey kom thru di law,
den e nor bi promise again. But wi know sey, na thru promise, God take
bless Abraham.

[19] Na awa sin make law dey and na so e go bi, until di pikin wey God
promise, go kom and na thru angels, God take give us di law thru en profet.
[20] Wi know sey pesin wey bi middo-man dey stand between two pipol, but
na only one God dey. [21] So di law dey against God promise? No! Bikos if
di law dey give pesin life, den raitiousness go must kom thru di law. [22] But

God word kondemn evritin and evribody under sin, so dat wi; di pipol
wey bilive, go get God promise thru Jesus Christ.

### *Na God Shidren Get Di Promise*

23 Before faith kom, wi dey under di law, bikos di law whole us like
prisonas. 24 So na di law bi awa tisha before Christ kom, so dat wi go
fit tok sey wi dey raitious thru faith. 25 But since faith don kom, wi nor
dey under any tisha again. 26 Bikos thru Jesus Christ, all of us don bikom
God shidren by faith. 27 Una wey dem don baptize inside Christ, don wear
Christ for body like klot. 28 E nor matter weda una bi Jew or Greek pipol,
savant or free pesin, man or woman, bikos all of una dey inside one body
for Christ. 29 And if e bi sey una bilong to Christ, den una bi Abraham
shidren and pipol wey go inherit wetin God promise.

## 4

### *Law And Freedom*

1 Wetin I mean bi sey, di pesin wey inherit en papa propaty and e still
bi small pikin, e nor dey difren from savant, even doh na en get evritin.
2 But e go dey under who dey guide am, until di time wey en papa tok, go
rish. 3 Na so e bi with us wen wi small; wi dey under di pawa wey dey
kontrol dis world, 4 but wen di rite time rish, God kon send en pikin wey
woman born under di law, 5 make e save pipol wey dey under di law, so
dat God go make us en own shidren kon give us awa own propaty. 6 Since
wi bi God shidren, E put en Holy Spirit inside us and naim make us dey fit
koll am, “Abba! Fada!” 7 So, una nor bi slave again, but una don bi God
pikin and since una bi God shidren, una go get God propaty too.

### *God Shidren Nor Dey Under Law*

8 Before-before, wen una nor know God, una dey do bad-bad tins. 9 But
naw wey una don know am (or abi make I sey God don know una), why
una still dey follow all dis weak and yeye pawas? Una won bi dia slave
again? 10 Dat time, una follow dia tradishon. 11 I dey fear sey make di work
wey I do among una, nor waste. 12 My brodas and sistas, Abeg, make una
bi like mi, as I don bi like una, bikos una nor do mi any bad tin!

### *Paul Beg*

13 But wen I first prish di gospel give una, una know sey I nor well, 14 even
doh my sickness na problem to una, una nor laf or drive mi. Instead, una
welkom mi like God angel; like sey na mi bi Jesus Christ! 15 Naw, na wetin
don happen to una happiness? I know sey, if to sey e dey possibol, una for
pul una eye give mi! 16 So, I don bikom una enemy, bikos I dey tell una di
trut?

17 Di pipol wey won deceive una dey trit una well, but dem nor dey do
am with betta mind; bikos dem wont make una leave mi kon follow dem.
18 But e good make una dey trit odas well, so-far una dey do am with betta
mind and nor bi only wen I dey with una. 19 My shidren! Just like woman
wey won born, I dey feel pain for una, until Christ pawa go dey inside una
life! 20 How I wish sey I dey with una naw, so dat I go know how to trit
una, bikos I dey worry about una well-well.

### *Paul Give Ezample*

21 Make una tell mi, wish of una won dey under di law? Una nor know
wetin di law tok? 22 Dem rite am sey, Abraham get two boys, one wey di
savant woman born and di oda pikin, na di really wife born am. 23 Di one
wey savant born, na ordinary pikin e bi, but na thru God promise di really
wife take born. 24 Betta sense dey for dis story, bikos dis two wimen bi like
two kovenant. One na from Mount Sinai wey bi like di shidren wey Hagar,
di slave woman, born. 25 Hagar bi like Mount Sinai for Arabia kountry and
na di same with Jerusalem wey dey naw, bikos e dey inside der as slave
with en pikin. 26 But di Jerusalem wey kom from heaven, dey free and
na-im bi awa mama. 27 Bikos dem rite am sey:

"Woman! Yu wey neva born,
make yu shaut dey happy,
bikos yu neva labor like woman wey won born.
Di woman wey neva born,
get plenty shidren pass di woman wey get husband."

28 But my brodas and sistas, una bi shidren wey get promise, just as
Isaak bi. 29 For dat time, di one wey dem born for normal way, trobol di
one wey dem born with di Spirit and na so e bi with una naw. 30 But wetin
dem rite for God word? "Make yu drive di savant woman and en pikin
komot, bikos di savant pikin nor go share with di pikin wey di really wife
born." 31 So my brodas and sistas, wi nor bi savant shidren. Na di really
woman shidren, wi bi.

# 5

*Freedom Wey Bilivers Get*

1 Make una nor dey karry load for head like slave again, but make una
stand strong for groun, bikos Christ don make us free. 2 Una dey hear
so! Mi wey bi Paul dey tell una sey, if dem sekonsaiz una, den Christ nor
mean anytin to una again. 3 And I dey warn evribody; anybody wey gri
make dem sekonsaiz am, must obey evry oda tin wey di law tok. 4 Pipol
wey wont make pipol know sey dem dey good, bikos dem dey keep di law,
dem don already fall komot from God grace. 5 Bikos na thru faith for God
Spirit, naim wi hope sey, God go make us dey good for en eye. 6 For Christ,
e nor matter weda dem sekonsaiz pesin or not; di only tin wey matter, na
faith wey dey work thru love.

7 Before, una dey do well; but naw, who sey make una nor obey di trut?
8 Nor bi God wey koll una sey make una dey do like dis! 9 Na small yist dey
make bread raiz! 10 I get mind sey, God nor go let una listin to anoda pesin.
But di pesin wey dey konfuse una, go face judgement, no matter who e bi.
11 Naw, my brodas and sistas, if I still dey prish about how dem go take
sekonsaiz una, why pipol dey trobol mi? If na so, my tishing about Christ
cross nor suppose kause any trobol. 12 I wish sey doz wey dey disturb una
go-go sekonsaiz demsef!

*Paul Prish About Love*

13 My brodas and sistas, God don koll una make una dey free; but make
una nor use di freedom wey God give una anyhow, instead make una love
each oda. 14 Bikos if dem add di whole law togeda, dem go kon bi one
kommandment wey sey, "Make yu love yor neighbour as yu love yorsef."
15 But if una kontinue to kworel among unasef; una go fit wound or kill

each oda by mistake. 16 I tell una, make una let di Spirit direct una life
and una nor go do wetin di flesh wont. 17 Bikos di tins wey di body like,
difren from wetin di Spirit like and wetin di Spirit wont, nor dey gri with
wetin di flesh wont. 18 But if una allow di Spirit kontrol una, den una
nor dey under di law again. 19 Na di tins wey di flesh dey do bi dis: To
sleep with pesin wey yu nor marry; to get bad mind; to opress pipol; 20 to
dey serve juju; dey do majik; kworel-kworel life; fighty-fighty; jealousy;
anyhow vexnashon; long-trot; tins wey dey skata pipol; 21 bad belle; killi-
killi; to dey drink anyhow and dey do oda tins like all dis ones. I dey warn
una naw as I don warn una before sey, pipol wey dey do dis kind tins, nor
go enter God kingdom!
22 But di fruit wey di Holy Spirit dey bear inside us; na love, joy,
peace, patient, kindness, goodness, faithfulnes, 23 gentolness and to kontrol
awasef. Di law nor dey against all dis tins. 24 Pipol wey dey inside Christ
don kill dia flesh with all di bad tins wey di flesh dey like to do. 25 If di
Holy Spirit dey inside us, den make wi dey live awa life as di Holy Spirit
wont. 26 Make wi nor dey karry body up and dey do wetin go vex pipol or
dey jealous one anoda.

# 6

### *Make Wi Support Each Oda*

1 My brodas and sistas, if una si pesin dey sin, make una wey dey
spiritual, koll am back. But make una wosh unasef, so dat una nor go
fall inside temptashon too. 2 Make una help karry each oda load and if
una do like dis, una dey obey Christ. 3 Bikos if anybody tink sey, en too big
wen e nor bi anytin, e dey deceive ensef. 4 Instead of una to dey kompare
unasef with anoda pesin, make una shek unasef, den una go fit tok about
unasef. 5 Bikos each pesin go karry en own load by ensef.
6 Di pesin wey dem dey tish God word, must share di good tins wey e
get with di pesin wey dey tish am. 7 Make una nor let anybody deceive
una. Nobody go fit deceive God. Anytin wey pesin plant, naim e go reap,
8 bikos di pesin wey dey live akordin to en flesh, go reap bad tins, but di
pesin wey dey live akordin to God Spirit, go reap life wey nor dey end. 9 So
make to do good, nor taya us, bikos wen time rish, wi go gain am. 10 So
anytime wey wi get shance, make wi dey do good, especially to pipol wey
bi God shidren.

### *Paul Last Kommand And Prayer*

11 Make una si as di word wey I take my hand rite give una, big rish!
12 Pipol wey won show sey dem good, dey try to force una to sekonsaiz.
Dem dey do so, so dat dem nor go sofa, bikos of Christ cross. 13 Pipol wey
sekonsaiz nor dey obey di law, but dem wont make una sekonsaiz, so dat
dem go fit use una take boast. 14 I nor go boast about anytin escept for di
sofa wey awa Oga God Jesus Christ sofa and bikos of dat sofa, di world nor
mean anytin to mi and I don die to di world too. 15 Weda pesin sekonsaiz
or not, e nor mean anytin, di only tin wey matter bi sey, una don turn to
new pesin. 16 Una wey dey obey dis rule wey I dey give so, make peace
and mesi dey with una and all God pipol.
17 From naw go, make nobody worry mi, bikos I get Jesus Christ mark
for my body.

18 My brodas and sistas, make awa Oga God Jesus Christ grace dey with
una spirit. Amen!

# Paul Leta To Efesian Bilivers

## Introdushon

Dis book na leta wey Paul rite to di Christians for Efesus. Paul stay with and tish dem for ova 2 years (Acts 19:10). By di time e leave dem go oda place, di relashonship between en and di pipol for di church don strong well-well. Before Paul komot, e kon appoint some mature bilivers among dem (wey e koll overseers) to lead dem.

For dis leta, Paul esplain di new life wey dey inside Jesus Christ and how di new way bi. E also tok sey di Church naim bi di new kommunity wey God form to help us undastand wetin E get in mind for humanbin. Paul still tell dem sey Christians dey always face spiritual, so dem must take God word as dia weapon, so dem go fit fight and win Satan for di war.

*I Salot*

1 Dis leta na from Paul, wey bi Jesus Christ apostle, bikos na so God wont
am. I dey rite to God pipol wey dey for Efesus, di ones wey dey follow Jesus
Christ with faith. 2 Make di grace and peace wey dey kom from God awa
papa and from awa Oga God Jesus Christ, dey with una.

*Spiritual Blessing*

3 I bless God wey bi awa Oga God Jesus Christ Papa; wey don bless us
with difren spiritual blessing from heaven, bikos of Christ. 4 Before God
kreate di world, E choose us thru Christ bikos E love us, so dat for en front,
wi nor go get any fault and wi go dey holy. 5 Before, God don already
decide thru Jesus Christ sey, wi go bi en shidren, bikos na so E wont am.
6 So, make all praiz and glory bi en own, bikos of en free grace wey E give
us, thru en pikin wey E love well-well. 7 Na thru Christ blood wi take get
salvashon and na dis blood make God dey forgive us awa sins, bikos en
grace big well-well. 8 Di grace wey E give us, get plenty wisdom, sense and
undastandin. 9 E do like dis wen E show us di sekret plan wey E get and
di good mind wey E show evribody, thru Christ. 10 God go komplete en
plan wen di time don rish, den E go gada evritin wey dey heaven and eart
togeda under Christ, wey bi di head. 11 All tins dey happen as God wont
am and thru Christ, E choose us to bi en own pipol, bikos na so E plan am
from di time wen E kreate di world, 12 so dat wi wey first bilive Christ, go
dey gi-am praiz and glory. 13 Since una don hear di trut kon bilive Christ,
God don give una di Holy Spirit as special mark to show sey naim get una.
14 God deposit dis Holy Spirit for di tins wey wi go inherit, until di time
wen E go save en pipol, so dat all praiz and glory go bi en own.

*Wisdom And Revelashon*

15 So, since I hear about una faith for Christ and how una love all God
pipol, 16 I nor dey stop to tank God for una, wen ever I dey pray. 17 I pray
make God, awa Oga God Jesus Christ Papa wey get glory, give una spiritual
wisdom and revelashon, wey go make una know am well-well. 18 Una eye
don open to undastand di grace wey God koll una kom enter and una don
si how di blessing wey E promise en pipol, plenty rish. 19 Una don si how

en pawa big rish, bikos una bilive am. Dis na di pawa wey dey do big-big
tins for us. [20] E show dis pawa thru Christ, wen E raiz am from deat, kon
make am sidan for en rite hand for heaven; [21] di place wey far well-well,
wey high pass where wiked pipol dey rule; wey strong pass evry pawa
wey dey dis world; big pass evry name wey dey for dis world and di ones
wey dey kom. [22] God put evritin under Christ leg kon make am head for di
church and Oga God for evritin. [23] Na di church bi Christ body and naim
dey make evritin for evriwhere full and komplete.

# 2

*New Life*

[1] Before-before, na sturbones and sin dey kontrol una life, [2] bikos una
dey do wetin di world wont. Una dey obey wiked pawas wey dey rule di
air and kontrol sturbon shidren. [3] All of us dey live dis kind life before. Wi
dey do difren tins wey awa body and mind wont. Dat time, wi bi shidren
wey God won ponish like oda sinnas.
[4] Bikos God love us well-well, E don show us plenty mesi [5] (aldo sin dey
kontrol awa life before), E kon give us life thru Christ, den E save us with
en grace! [6] E raiz us up with Christ kon make us sidan with am for heaven.
[7] E do dis, to show evribody for di world wey dey kom sey, en grace wey
dey show us kindness thru Jesus Christ, big well-well. [8] God save una with
en grace, bikos una get faith (as una don bilive Christ), nor bi with una
own pawa, but na God give una. [9] E nor save una bikos of di work wey
una do, so make nobody dey boast. [10] God kreate us thru Jesus Christ as
di good work wey E don prepare down before, so dat wi go dey do as E
plan.

*New Life Togeda*

[11] Make una remember sey before-before una bi Gentile pipol wey dey
do wetin di flesh wont and Jew pipol dey koll una, "pipol wey dem neva
sekonsaiz" like di way dem dey sekonsaiz human being. [12] Dat time, una
dey without di Mezaya and una nor get share for Israel blessings and since
una nor get hope and una dey without God for dis world, una kon bi strenja
to God kovenant wey E promise Israel pipol. [13] But thru Jesus Christ blood,
una wey bin dey far, God don draw una near ensef, [14] bikos na Christ bi
awa peace. Na Christ make Jew and Gentile pipol bi one. E don break di
wall wey divide and separate dem as enemies. [15] E don kansol Jew pipol
law with all en kommand and rules, so dat e go fit make Jew and Gentile
pipol to bi one with am and like dis, peace go dey among dem. [16] E use
di sofa wey e sofa for cross take end dia kworel kon make dem one body
as dem dey serve God. [17] And e prish peace to una wey dey far and near,
[18] so dat thru am, all of us with one Spirit, go fit rish where awa Papa dey
for heaven. [19] So, una nor go bi strenja and pipol wey nor get share for
Israel blessings again, but una go bi God shidren with all di pipol wey dey
en house. [20] Dis na bikos, God don build una on-top di apostles and profets
foundashon and na Jesus Christ bi di nomba one stone wey God take lay
di foundashon. [21] Na for inside Christ di whole building for join togeda
kon grow as one holy Temple for God and [22] thru am, God don build una
togeda as where E go dey stay thru di Spirit.

# 3

*Paul Revelashon*

1 Bikos of dis, mi Paul wey bi prisona for Christ, bikos of una wey bi
Gentile pipol, dey pray give God. 2 True-true, una don hear sey na God
give mi dis work thru en grace and na for una own good. 3 God open my
eye to undastand en sekret, as I rite to una before, 4 so dat wen una read
am, una go fit undastand di sekret wey God show mi. 5 Di pipol wey dey
before nor know dis sekret as God don show en holy apostles and profets
wey dey naw, thru di Holy Spirit. 6 So, bikos of di gospel, Gentile pipol
don follow Jew pipol get share for God blessing. Dem don bi membas for
Christ body and dem get share for God promise. 7 I bi dis gospel savant,
bikos of God grace wey E give mi thru di work wey en pawa dey do. 8 Na
mi small pass for all God pipol, but God don give mi grace to prish di
Good News give Gentile pipol and dis grace wey Christ give mi, nor dey
finish. 9 Di grace na to make evribody undastand God sekret plan. Na God
kreate evritin and E hide di plan since e kreate di world. 10 E make dem
undastand, so dat thru di church, all di rulers and pawas wey dey heaven
go kon know God komplete wisdom, wey dey show ensef for difren ways.
11 Dis happen akordin to en plan wey go stand forever and E make am
happen thru awa Oga God Jesus Christ 12 and na bikos Christ dey faithful,
naim make us get di heart to fit rish where God dey. 13 Na dis make mi tell
una sey, make una nor fear bikos of di tins wey I dey sofa, bikos na for
una own good.

*Paul Prayer*

14 Bikos of dis, I dey knee down for awa Papa front, 15 where all di family
for heaven and eart from get dia names. 16 I dey pray sey as en glory big
rish, E go make una strong well-well with pawa thru en Spirit wey bi di
really pesin inside una. 17 So dat Christ go dey inside una heart thru faith
and wen una don strong well-well inside God love, 18 una go fit join all
God pipol undastand how God love wide, long, high and deep rish. 19 Den
una go really know di love wey Christ get, wey big pass evritin wey una
go fit undastand and evritin inside God, go full una life.

20 So, make all di glory bi God own; di Pesin wey dey do pass di tins
wey wi go fit ask or tink, thru en pawa wey dey work inside us. 21 Make
all glory for Christ church bi en own from one generashon go rish anoda.
Amen!

# 4

*Make Una Bi One*

1 Mi wey bi prisona, bikos I dey serve di Oga God; I dey beg una make una
dey live una life as God wont. 2 Make una dey get pity for one anoda with
kwayetnes, gentolness and patient, bikos of di love wey una get. 3 Make
una dey do evritin wey una fit do to keep di unity wey di Spirit dey give,
as una dey live togeda for peace. 4 Na one body and Spirit dey, bikos just
as all of una get one hope from God wen E koll una, 5 na so too una get
one Oga God, one faith, one baptizim, 6 one God and Papa wey dey above
evribody; dey use evribody and dey inside evribody.

7 But God don give grace to all of us akordin to how Christ gift plenty rish.
8 Na dis make dem sey, "Wen e raiz-up go heaven, E karry many prisonas

wey E free follow body and E give plenty gift to pipol.” 9 Na wetin dis
word, “E raiz-up,” mean? E mean sey Christ first die and dem beri am
for di eart. 10 En wey dem beri, naim still bi di pesin wey raiz-up pass di
heavens, so dat e go komplete evritin. 11 Na Christ make some among us
bi apostles, profets, evangelist, pastors and tishas. 12 Christ do like dis to
prepare us for di ministry work, wey go make God church grow, 13 so dat
wi go bi one for di tins wey wi bilive and wey go make us really know God
Pikin. Den, wi go dey tink like Christ. 14 So make wi nor bi like shidren
wey breeze dey karry up-and-down; shidren wey dey follow yeye tins wey
human being dey tish and na dis tins dem dey take deceive pipol. 15 But,
as wi dey do wetin dey good and korrect with love, wi go dey grow for
evry side kon meet Christ wey bi di head. 16 Na from Christ di whole body
dey grow well and join togeda thru di pawa wey dey support am. As each
part dey do en work, na so di body go dey grow inside God love.

### *Holiness*

17 So, I dey use Christ pawa take tell una dis tins sey, make una nor live
una life like Gentile pipol wey dey tink only bad and tins wey nor get sense.
18 Dia mind dey for darkness and dem nor get part for di life wey God dey
give, bikos dem sturbon and nor fit undastand. 19 Dem dey do wayo, dey
give dia body to yeye tins; tins wey nor dey pure and dey wiked. 20 But
wi nor tish una like dat about Christ. 21 If na thru, den una don hear and
learn di trut about am, just as di trut dey inside Christ. 22 Koncerning di
kind life wey una dey live before, wi sey make una trowey dat bad spirit
wey dey make una do bad-bad tins 23 and make una dey tink betta tins
for una mind. 24 Den, true raitiousness and holiness wey di trut dey bring,
make una wear di new man wey God don kreate like ensef.

25 Since una don stop to lie, make una start to tok trut give una neighbour,
bikos all of us na membas for Christ body. 26 If una dey vex, make una nor
sin and make day nor dark still meet una dey vex. 27 Make una nor give di
devil any shance. 28 Pesin wey dey tif, make e nor tif again. Instead, make
e work hard and do good with en own hand, so dat e go fit give pipol wey
nor get. 29 Make una nor allow any bad word kom out from una mout, but
make una word dey give poor pipol hope, so dat e go bless pipol wey hear
am. 30 Make una nor do wetin go make di Holy Spirit vex. Bikos na di Holy
Spirit bi di mark wey God put for una body, so dat for judgement day, E
go know doz wey E go save. 31 Una must stop to get bad belle; to dey vex;
kworel and to dey tok bad-bad word. 32 Make una dey good to one anoda;
dey sorry for pipol and dey forgive each oda, just as God forgive una thru
Christ.

## 5

### *Love One Anoda*

1 So, make una dey bihave like shidren wey God love well-well. 2 Make
wi love one anoda, just as Christ love and sakrifice ensef as ofrin wey get
betta smell to God, bikos of us. 3 To dey sleep with pesin wey yu nor marry;
dey do tins wey nor dey pure and get long-trot, make una nor allow dis
tins dey among una, bikos dem nor good for God pipol. 4 Make una nor
allow yeye and foolish word kom out from una mout. And make una nor
dey tok anyhow or use bad word, bikos all dis tins nor good. Instead, make

una dey tank God with una mout. 5 One tin wey una must know bi sey,
pesin wey dey sleep with who e nor marry; wey nor dey pure or wey get
long-trot and dey serve juju, nor go enter Christ and God kingdom.

*God Lite*

6 Make una nor let anybody deceive una with yeye word, na dis tins make
God dey vex for doz wey nor dey obey am. 7 So make una nor join dem.
8 Before-before, una dey for darkness, but naw, una bi lite wey dey shine
inside Christ. So make una dey do tins like shidren wey get lite, 9 bikos di
fruit wey lite get, dey bring goodness, raitiousness and trut. 10 So, make
una always dey do tins wey go make God happy. 11 Make una nor put hand
for bad tins, instead, make una dey espose dem. 12 Shame nor go let wiked
pipol tok about wetin dem dey do for sekret. 13 But evribody go si evritin
wey kom out for lite. 14 Bikos na lite dey make evritin shine kom out and
na dis make dem rite sey:
"Wake-up; yu wey dey sleep!
Make yu raiz from grave
and Christ go shine for yor life!"

*Live With Wisdom*

15 Make una dey kareful as una dey live una life. Make una nor bi like
pipol wey nor get sense. 16 Make una use evry shance wey una get well,
bikos dis time wey wi dey so, dey evil and wiked. 17 Bikos of dis, make una
get sense to undastand wetin awa Oga God word tok and mean. 18 Make
una nor dey drink strong drink, bikos e go distroy una. But make una
allow God Spirit fill una mind. 19 Make una dey tok to unasef with psalms,
hymns and spiritual songs. For inside una heart, make una dey praiz God
with hymns and psalms. 20 With awa Oga God Jesus Christ name, make
una dey tank God awa papa for each oda. 21 Bikos of di respet wey una
get for Christ, make una dey respet one anoda.

*Husband And Wife*

22 Una wey bi wife, make una dey respet una husband, just as una
dey respet Christ, 23 bikos na di husband bi di wife head, just as Christ
bi head for di church and naim en save di body. 24 As di church dey
submit to Christ, na so too, wife suppose submit to dia husband for evritin.
25 Husband, make una love una wife, just as Christ love di church kon
sakrifice en life for am, 26 so dat e go fit make am klean, thru baptizim
and God word. 27 E do like dis, so dat di church go bi like wife wey fine
well-well, wey nor get any stain, dey do anyhow or get any oda tin wey
fit spoil am. 28 Na so too, husbands suppose love dia wife like dia own
body. Man wey love en wife, love ensef. 29 Nobody don ever hate e own
body, but e dey feed and kare for am, just as Christ dey kare for di church,
30 bikos wi bi part for en body. 31 Na bikos of dis, man go live en papa and
mama go join en wife and di two of dem, go bi one flesh. 32 Dis sekret wey
I dey tell una so big well-well, but na di tin wey dey between Christ and
di church, I dey tok about. 33 So, each man suppose love en own wife, just
as e love ensef and evry wife suppose respet en husband.

# 6

*Shidren*

1 Shidren, as una know God, make una dey hear una papa and mama
word, bikos na wetin una suppose do bi dat. 2 Make una respet una
papa and mama, bikos na dis bi di first kommandment from God wey
get promise. 3 So dat e go betta for una and una go get long life.
4 Una wey bi papa, make una nor make una shidren vex, but make una
raiz dem to follow Christ tishing.

### *Savant And Masta*

5 Una wey bi savant, make una dey obey una masta with fear, respet
and with klean mind like sey, na Christ una dey obey. 6 Make una nor bi
like pipol wey dey do dia work wen dem si sey, pesin dey look dem; bikos
dem dey fine good face. Instead, as una bi Christ savant, make una dey do
wetin God like from una heart. 7 Make una dey do una work with betta
mind like sey, na Christ una dey do am for and nor bi human being, 8 bikos
una know sey, each pesin; weda e bi slave or e dey free, if e do wetin dey
good, Christ go reward am.
9 And una wey bi masta, make una dey trit una savant well. Make una
nor make dem fear, bikos both yu and dem get di same masta for heaven
and E nor dey favor pesin anyhow.

### *Spiritual Fight*

10 Finally, make una dey strong with Christ mighty pawa. 11 Make una
wear komplete soja uniform wey God dey give, so dat una go fit stand fight
di wayo wey devil dey use. 12 Bikos, wi nor dey fight against human being,
but na against di wiked rulers wey dey for dis world, against evil spirits
and pawas wey dey di heavens. 13 Na dis make mi sey, make una wear
komplete soja uniform wey God dey give, so dat una go fit stand for groun
wen trobol and wahala go kom and wen una don win, una go still stand
well. 14 So, make una stand well-well kon tie trut like belt round una waist,
den wear bullet proof koat as raitiousness for una body. 15 Make una wear
shoe for leg wey go show sey, una dey ready to prish di Good News wey
dey give pipol peace 16 and with all dis, make una karry faith wey go help
una kwensh all di wiked arrows wey Satan dey trow. 17 Make una wear
salvashon like priest kap for head kon whole di Spirit swod wey bi God
word. 18 With difren prayers, make una dey ask God to help una. Make
una always dey pray with di Spirit and dey shine una eyes well-well. Make
una nor give up, but make una kontinue to pray for all God pipol. 19 Make
una pray for mi too sey, make God give mi betta word anytime wen I open
my mout to tok and make I fit esplain di sekret wey dey di gospel. 20 I bi
God messenja, even doh I dey for prison naw. But make una pray sey, I go
dey tok with boldness as I suppose to tok.

### *Last Message*

21 Tikikus wey bi my special broda and faithful savant for God work, go
tell una evritin, so dat una go know wetin dey happen to mi for here. 22 Na
bikos of dis I send am kom meet una, make una for know how tins dey
with us for here and make e for fit enkourage una heart.
23 I pray sey make God, awa Papa and Oga God Jesus Christ give all my
fellow Christian brodas and sistas peace, love and faith. 24 Make God grace
dey with evribody wey love awa Oga God Jesus Christ with di love wey nor
dey die.

# Paul Leta To Filippian Bilivers

## Introdushon

Na Paul and en ko-workers start di church for Filippi. So Paul and di bilivers kon bi good friends and for many years, dem kon dey support Paul for di ministry. Wen dem hear sey dem arrest Paul and put am for prison for Rome, di pipol kon gada and kollect money to assist am. Dem send di gifts thru Epafroditus, one of dia membas. Leta, Paul send Epafroditus go back to tank dem for dia love and support.

Paul use di leta to enkourage di bilivers make dem show joy even wen dem dey face problems. E tell di Filippians sey make dem get di mind to endure problems as Jesus do (2:5-11) and Paul ensef do, so dat dem go esperience God joy.

*I Salot*

1 Dis leta na from Paul and Timoti, wey bi Jesus Christ savant. To all God
pipol for Filippi, with dia bishops and leaders. 2 Make God awa papa and
Oga God Jesus Christ give una grace and peace.

*Prayer For Di Church*

3 I dey tank my God evritime I remember una. 4 Evritime wen I dey pray
for una, I dey do am with happiness, 5 bikos of how una dey help mi prish
di gospel from di first day wey una hear am kon rish today. 6 I dey sure
sey, di Pesin wey start dis good work for una life, go make am pafet until
di day wen Christ go kom. 7 So e dey good for mi to dey tink about una
like dis, bikos una dey my heart. Una don follow mi share from God favor,
even wen I dey prison and wen I dey prish di trut about di gospel. 8 God
know sey, bikos of Christ love wey dey my heart, I dey miss una well-well.
9 I pray make una love dey strong more-more for God tins wey una learn
and make E help una undastand, 10 so dat una go fit choose wetin betta
pass and as una dey do so, una go dey ready for di day wen Christ go kom.
11 Make di work wey Christ do for us and how to please God, full una mind.
Den all di glory and praiz go bi God own.

*Paul Prish For Prison*

12 My brodas and sistas, I wont make una know sey my sofa na to make
di gospel stand. 13 Di sojas wey dey guide di prison and all di oda pipol
don know sey, na bikos of Christ, I dey prison 14 and bikos of di prison wey
dem put mi so, almost all di brodas and sistas faith for Christ, don strong
well-well. And naw, dem don dey prish God word without fear.

15 True-true, na jealousy and kworel make some dey prish about Christ,
but odas dey do am with betta mind. 16 I know sey dis ones na love make
dem dey do am, bikos dem know sey I dey here to defend wetin dem dey
prish. 17 Doz oda ones wey dey prish about Christ dey do so, bikos dem
dey tink about diasef and wetin dem go gain. Dem nor dey do tins with
klean mind and dem tink sey dem fit kause more trobol for mi, bikos I dey
prison. 18 But dat one nor matter to mi. So, weda dem dey pritend or do

am with klean mind, di message about Christ dey kontinue and na dat one
dey make mi happy.
I go always dey happy, 19 bikos I know sey na una prayer and di help
wey Christ Spirit dey give, dey save mi. 20 Di hope wey I get bi sey, shame
nor go ever fit katch mi; my heart go strong well-well and as I dey do naw,
na so I go always dey do. Evritin for my body go praiz Christ, weda I dey
alive or I don die. 21 Bikos to mi, to dey dis life, na to live for Christ and to
die inside Christ, na dat one betta pass. 22 If I kontinue to dey live inside
dis body, e mean sey I go do betta work, but I nor know wish one I go
like pass. 23 Naw, I know wish one I go choose, bikos I won go dey with
Christ and na dat one betta pass. 24 But e go good for una as I still dey for
dis body. 25 I dey sure of dis tins: I know sey I nor go die naw, so dat I
go kontinue with una and as una dey inside di faith, una life go dey betta
more-more. 26 So wen I kom meet una again as una dey serve Christ, una
go get more rizin to dey happy bikos of mi.
27 Make una life dey show sey una bilive Christ message, so dat weda I
kom si una or not, I go dey hear sey una dey strong with one spirit, one
mind and dey fight togeda make di gospel for stand. 28 Make una nor fear
una enemies, bikos dem go soon skata and dat na sign to show sey God go
save una. 29 God don give una dis sign, nor bi only make una for bilive
Christ, but make una for still sofa for am, 30 bikos una dey face di same
sofa wey una si mi dey face. And I wont make una know sey, even naw, I
still dey sofa di same tin.

# 2

*Christian Unity*

1 Gain dey to serve Christ? Konfort dey for en love? Fellowship dey
between pipol and God Spirit? Una heart good rish to show pipol mesi?
2 Den, make una let my joy dey komplete, as una dey gri with each oda
and dey love and work togeda with one mind. 3 Make una nor dey karry
body up, but make una trit each oda like unasef. Instead, una dey do wetin
una like, bikos of di tins wey una go gain, so dat una go fit boast. 4 Make
una nor dey tink about unasef alone and wetin una wont, but make una
dey tink about wetin good for odas too. 5 Make una get di same mind wey
Christ get:
6 wey bi sey, even doh en with God na di same,
e nor boast about am.
7 But e leave evritin wey e get for heaven
kon bi like savant.
So e kom dis world as human being.
8 E put en body down kon obey God,
until Jew pipol kill and nail am for cross!
9 Bikos of dis, God raiz am up
kon gi-am di name wey big pass evry oda name,
10 so dat wen dem koll Jesus name,
evribody and evritin must knee down,
weda dem dey heaven, eart or for under di eart
11 and evry tongue go konfess sey,
“Na Jesus Christ bi di Oga God.”
Den all di glory go bi God own.

*Lite For Dis World*

[12] So, my friends wey I love; pipol wey dey always obey mi, (nor bi only
wen I dey with una, but una dey obey well-well, even wen I nor dey with
una). Make una kontinue to do God work with all una heart, so dat una
salvashon go full well-well, [13] bikos na God dey work inside una and una
go fit do good tins kon get di pawa wey go make una happy. [14] Make una
nor use vexnashon take work for God, [15] so dat una nor go get any blame
and una go dey klean. God Pikin nor get fault; even doh una dey live for
di world wey bad pipol dey, una go dey shine like stars, [16] bikos una get
God message wey dey give life. So, di day wen Christ go kom, I go get rizin
to boast sey I nor run dis race or work for nor-tin. [17] But even if dem take
mi offa sakrifice for una, I go dey happy, [18] so make una kom follow mi
rijoice.

*Timoti And Epafroditus*

[19] As Jesus Christ wont am, I go send Timoti kom meet una, so dat my
heart go strong small, with di news wey I go hear about una. [20] Among all
di pipol for here, na only Timoti get di kind mind wey I get for una and
naim dey make mi tink of una and how una dey manage. [21] Di odas dey
busy with dia own matter, but nor bi matter wey koncern Christ. [22] Una
know how mi and Timoti bi, sey as pikin dey work with en papa, na so e
dey follow mi work, so dat di gospel go stand. [23] I go soon send am kom
meet una, so dat una go know how my kondishon bi. [24] Aldo I bilive Christ
sey, e nor go tey, before mi mysef go kom visit una.

[25] But before dat time, I don tink am sey, e good make I send Epafroditus
kom meet una. En na my broda, ko-worker and soja. Na una messenja e
bi and e dey help mi anytime wey I nid anytin. [26] True-true, e miss all of
una well-well and en mind dey worry am, bikos una hear sey e nor well.
[27] E sick well-well sotey e nearly die. But God get mesi for am; nor bi only
for am, but for mi too, so dat I nor go kry join di one wey I dey so. [28] Na dis
make mi won really send am kom meet una, so dat wen una si am, belle
go sweet una again and I nor go dey worry about una. [29] So make una
welkom and respet am as una broda for Christ with happiness, [30] bikos e
nearly die bikos of Christ. E put en life for danger, so dat e go fit help mi
do wetin una for do, since una nor dey here.

# 3

*To No Christ*

[1] Finally, my brodas and sistas, make una happy bikos una get Christ. I
dey rite di same tin give una again, bikos e go help una.

[2] Make una shine una eye, bikos of doz wey dey bihave like dogs and
wiked pipol wey dey ponish dia body! [3] Na wi bi di really sekonsishon;
di pipol wey dey woship God thru en Spirit; pipol wey dey happy inside
Christ and wi nor dey put awa hope for wetin pipol dey do. [4] Aldo my
own rizin important too. If anybody tink sey e get betta rizin to put hope
for wetin human being dey do, mi Paul, get pass dem. [5] Dem sekonsaiz mi
eight days afta dem born mi. I kom from Israel, Benjamin tribe and I bi
Hibru man. I bin dey live akordin to di law, bikos I bi Farisee. [6] Bikos I
really won do God work, I kon dey kause sirious wahala for di pipol wey
dey di church. I do evritin just as di law sey make wi do, so dat wi go

dey good for God eye. So, I nor get any fault. [7] But all dis tins wey I si as
gain, I kon kount dem to bi nor-tin bikos of Christ. [8] Nor bi only doz ones,
but naw, I dey look evritin as nor-tin, wen I kompare am with Christ, my
Oga God wey I know and I trowey evritin, bikos of am. True-true, I dey
look all doz tins as yeye, so dat I go fit gain Christ, [9] kon bi one with am.
My raitiousness nor kom from di law, but I dey raitious thru my faith for
Christ. Bikos na thru faith God take make us dey raitious with am. [10] Wetin
I wont na to know am and di pawa wey wake Christ from deat; to sofa
wetin e sofa; to bi as e bi wen e die, [11] so dat mi too go still wake-up from
deat, as e wake.

*Kontinue To Go Front*

[12] Nor bi sey I don get evritin wey I wont or God don make mi pafet, but
I dey try make I get di prize wey dey kom from God kon hold am as Jesus
Christ whole mi. [13] My brodas and sistas, I nor look mysef like sey I don
get evritin wey I wont. Bikos I dey tink of only one tin wey bi: To forget di
tins wey don pass kon dey porshu di ones wey dey front [14] and as I put my
mind for dis tins, I dey try to get di prize wey bi life for heaven; prize wey
make God koll us thru en pikin, Jesus Christ. [15] So wi wey don mature for
Christ, make wi get dis kind mind. But if una dey tink difren tins, I bilive
sey God go show una di trut. [16] So, make wi kontinue to follow di rules
wey wi dey follow.

[17] My brodas and sistas, make una dey live like mi and dey learn from
odas wey dey follow us as ezample. [18] Bikos I don tell una before and I dey
tok am again with tears for my eye sey, di way many pipol dey bihave, dey
show sey dem bi enemies to Christ cross. [19] Dem go end for hell; na dia
belle bi di god wey dem dey serve. Tins wey suppose make dem shame,
naim dey make dem happy and na only tins for dis world dem dey tink
about. [20] But wi bilong to heaven and wi dey wait awa Savior wey kom
from der, wey bi Oga God Jesus Christ. [21] E go use en pawa wey make am
Oga God for evritin, take shange dis awa ordinary body and awa body go
kon bi like en own wey get glory.

# 4

*Tins Wey Christians Suppose Do*

[1] My brodas, sistas and friends wey I love, I dey hongry to si una, bikos
una dey make mi proud. My friends wey I love, make una stand well
inside Christ!

[2] I dey beg Euodia and Sintike make dem gri togeda inside Christ. [3] Yes,
my good friends, I still dey tell una, make una help dem. Dem try as dem
dey prish di gospel with mi, both Klement and my oda ko-workers, wey
dia name dey inside Christ Life Book. [4] Make una always dey happy inside
Christ. I dey tok again sey, make una dey happy! [5] Make evribody know sey
una nor like wahala, bikos Jesus go soon kom. [6] Make una nor let anytin
worry una for mind. Instead, for evry kondishon wey una dey face, make
una ask God thru prayer for evritin wey una nid and make una always
dey tank am, as una dey pray. [7] Den God peace wey pass wetin human
being fit undastand, go guide una heart and mind, inside Christ.

[8] Finally, my brodas and sistas, tins wey bi true; wey get respet; wey
fine; wey pipol dey tok good about; wey good well-well; wey rish to praiz,

na dis kind tins una suppose to dey tink about. 9 So anytin wey una learn,
hear and si mi dey do, make una dey do dem too. And di God wey dey
give us peace, go dey with una.

### *Paul Tank Dem*

10 I dey happy well-well inside Christ, bikos una don finally show sey,
una dey tink about how I dey manage. (I know sey una get mi for mind
before, but una nor get shance to do anytin for mi). 11 I nor dey tok dis one
bikos I nid anytin, but na bikos I don learn to dey okay for any kondishon
wey I si mysef. 12 E get sometaim wey I nor get and sometaim, I dey get
plenty. But for evry kondishon, I don learn how to dey okay, weda my
belle full or I dey hongry; weda I get plenty or I nor get anytin at-all. 13 I
fit do evritin thru Christ wey dey give mi pawa. 14 But una try well-well
as una help mi wen I dey trobol.
15 Filippi pipol, una know sey, wen I komot from Masidonia, for di time
wen I just start to prish di gospel, na una bi di only church wey help mi
and na only una dey follow mi share for my happiness and sofa. 16 Bikos
even for Tesalonika, una still send tins kom give mi. 17 I nor dey tok dis
bikos I wont gift, but make una for gain from dis work wey una dey do.
18 Naw, I get evritin wey I nid, bikos Epafroditus don give mi di tins wey
una send. And na dis bi di ofrins wey dey make belle sweet God. 19 My God
go give una evritin wey una nid, bikos of en glory and propaty wey dey
inside Jesus Christ. 20 Make evribody give glory to God awa Papa, forever
and ever. Amen.

### *Last Greetin*

21 Make una greet God pipol wey dey for Christ. 22 God pipol wey dey
here dey greet una too, especially doz ones wey kom from Caesar house.
23 Make awa Oga God Jesus Christ grace dey with una spirit.

# Paul Leta To Kolossian Bilivers

## Introdushon

Wen Paul dey for Efesus, Epafras wey kom from Kolosse work with am. Kolosse na about 100 mile to di east for Efesus. Epafras return to en hometown with di good news of Jesus and start di church der. Leta, e go meet Paul wen e dey prison for Rome and e kon tell Paul evritin wey dey hapun for Kolosse. So Paul rite dis leta to dem to help dem undastand some tins about di new life in Christ. Like Galatia pipol, di Christians for Kolosse nor know di difrence between Jew pipol law and God grace, as dem dey add oda tins to di gospel message. Some of dem dey proud and kon dey sey dem dey si vishons and dem know spiritual tins well-well pass oda pipol. So Paul kon rite to dem to sey, "Wen pesin get Jesus as en Messiah, e don get evritin, bikos evritin dey under Jesus kontrol!"

*I Salot*

1 Dis leta na from mi Paul, Jesus Christ apostle and Timoti my broda,
bikos na so God wont am. 2 To all God pipol for Kolosse, wey bi awa brodas
and sistas for Christ. Make God awa Papa give una grace and peace.

*Paul Tok To Di Pipol*

3 Wi dey always tank God wey bi Jesus Christ Papa, anytime wen wi
dey pray for una, 4 since wi hear about how una bilive Christ and di love
wey una get for God pipol. 5 Wen una first hear about di Good News wey
bring trut, una kon get love and faith for wetin God prepare for una for
heaven and na dis gospel 6 kom meet una. Dis gospel dey bear fruit for
di whole world and since di day wey una hear am, una don undastand as
God grace big rish and e don dey bear fruit and grow among una. 7 Awa
broda Epafras, wey dey work for Christ with all en mind, even doh wi nor
dey der, na-im tish una di gospel 8 and e kon tell us about di love wey di
Spirit give una.

*Paul Pray For Di Church*

9 Bikos of dis, wi too, since wi hear about una, wi neva stop to dey pray
for una. Wi dey tell God make E show una wetin E wont, so dat una go dey
wise and undastand God Spirit, 10 den una life go betta just as Christ wont.
For all di good tins wey una dey do, make una dey bear fruit and learn
to know God more-more. 11 Wi still dey pray sey una go dey strong with
God pawa wey get glory. Una go show sey una dey patient and get strong
mind for God work with happiness. 12 Make una dey tank God, bikos E
don make una share from wetin en pipol get for en kingdom wey dey give
lite. 13 E save us from darkness pawa and put us for di kingdom wey E
give di pikin wey E love. 14 Dis na di pikin wey pay for us, so dat wi go
dey free and God go forgive us awa sins.

*Jesus Pawa*

15 God wey wi nor dey si,
na Jesus bi en image and for evritin wey E kreate,

na Jesus bi di first.
16 Bikos God kreate evritin for heaven
and eart thru en pikin;
both Fisical and spiritual tins;
weda dem get pawa
or dey rule for difren-difren place;
God kreate dem thru am
and E kreate dem for am.
17 Christ dey before evritin and bikos e dey,
evritin still dey where dem dey.
18 Na-im bi head for di body wey bi di church
and from di biginnin, na-im bi di first-born
wey raiz-up from grave,
so dat e go bi nomba one for evritin.
19 God dey happy sey evritin wey dey inside am,
dey inside en pikin too
20 and thru Christ blood wey e pour out for us for di cross,
God go draw evritin back to ensef
afta E don make peace with tins for heaven and eart.

### *Ministry Wey Paul Wont*

21 Before-before, bikos of di wiked tins wey una dey do and tink, una
dey far from God and una bi en enemy. 22 But naw, with en pikin blood,
E don draw una klose kom en present, so dat E go make una en friends
wey nor get stain or fault and wey dey holy. 23 If true-true una get faith
and una leg strong for groun, den una go get hope kon whole di gospel
wey una hear. Dem don prish dis gospel give evribody for di world and
mi Paul don bi di gospel savant.
24 I dey happy for di sofa wey I dey sofa for una and for di church wey
bi Christ body, so I dey take my body komplete wetin remain for Christ
sofa. 25 I bi savant for di church, bikos of di work wey God sey make I do
for una and I dey do am to komplete God work. 26 So di sekret wey E hide
from awa grand-grand papa dem and evribody wey dey di world before,
E don open am make en pipol si. 27 God wont make dem know di rishis
wey dey en glory; wey di sekret get for evribody and na-im bi Christ wey
dey inside una. So una get hope sey una go share for God glory.
28 As wi dey tell evribody wetin dem go do, wi dey prish Christ and tish
with wisdom, so dat wen wi go show una to Christ, una go don dey pafet.
29 So na dis tins I dey struggol and work for akordin to en pawa wey dey
work inside mi.

## 2

### *Make Una Stand Well*

1 Pipol for Laodicea and doz wey neva si mi face-to-face, I wont make
una know how I dey work for una rish. 2 Wetin I wont bi sey, wen una don
really undastand God sekret wey dey inside Jesus Christ, make una heart
dey strong with love, so dat una go get evritin wey una wont. 3 Bikos all
di wisdom and knowledge wey God get, E hide dem inside Christ. 4 I dey
tok all dis tins, so dat nobody go dey deceive una with argument. 5 And

even if I nor dey der with una, my spirit dey der and I dey happy sey una
mind nor dey shange and una faith for Christ, still strong well-well.

### *Warnin About Lie-lie*

6 So, just as una asept Jesus Christ as una Oga God, make una kontinue
to live una life inside am. 7 Make una dey strong for groun and dey grow
inside Christ, so dat una faith go strong as wi dey tish una and una go dey
tank God well-well. 8 Make una take kare and nor let anybody fool una
with wayo tok about human being wisdom and spiritual pawas wey dey
rule di world, but make una dey do as Christ wont.
9 Bikos na Christ dey show us evritin about God. 10 And una dey komplete
inside am; bikos na-im bi di head for all di pawas wey dey for heaven
and eart. 11 Dem sekonsaiz una inside am. Dis nor bi human being
sekonsishon, but na di spirit own wey Christ dey do. 12 Bikos wen dem
baptize una, dem beri una with am and una follow am raiz-up thru di
faith wey God pawa dey give and na dis God raiz am up.
13 Even doh una bin don die inside una sin bikos dem nor sekonsaiz una
body, God kon make una dey alive with am, bikos E don forgive una sins.
14 E don distroy doz bad-bad tins wey una dey do and wetin dem rite about
awa debt wey fit kill us, God remove am kon nail dem for di cross. 15 God
disgrace wiked and evil rulers for publik, wen E win dem for di cross.
16 So make una nor let anybody take food, drink, party, new moon or
Sabat Day matter, take judge una. 17 Bikos all dis tins na shadow for di
tins wey go kom, but di really tin, na Christ! 18 Make una nor let doz wey
dey pritend and woship angels judge una. Dat kind pesin dey tok anyhow
about vishon wey e sey e si, but na yeye tins and sin full en mind. 19 Dat
pesin nor dey with Christ wey bi di head. Bikos na Christ join di whole
body togeda, as dem dey grow inside God.
20 Since una don die with Christ and e don free una from wiked pipol,
den why una still dey bihave as pipol wey nor know God? 21 Wen dem sey,
make pipol nor whole, chop or tosh some tins, e nor mean anytin. 22 All dis
tins dey yuzles as pipol dey use dem, bikos na human being make all dis
rules. 23 E bi like sey dis tins get wisdom, bikos pipol dey woship angels;
dey pritend sey dem good and dey sofa dia body, but dis wisdom nor get
value, bikos e nor fit stop pesin make e nor do di yeye tins wey dey en
mind.

## 3

### *New Life*

1 So, if God raiz una with Christ, den make una put mind for tins wey
dey heaven; di place where Christ for sidan for God rite side. 2 Make una
dey tink about tins for heaven, nor bi tins for dis eart, 3 bikos una don die
and una life dey save with Christ for inside God. 4 Wen Christ (wey bi una
life) go kom, una go follow am kom with glory.
5 So make una kill evry bad karata wey dis world dey bring: Like to dey
sleep with pesin wey una nor marry; dey bihave anyhow; follow dis world
tins; dey do bad tins; long-trot and to serve juju. 6 Na dis tins dey make
God vex for doz wey nor dey obey am. 7 Na so una dey live una life before
wen una bi sinnas, 8 but naw, to dey vex anyhow; to get bad mind for
pesin; to take mout spoil pesin and to dey curse pipol, make una remove

dem from una life. [9] Since una don kill una old sef and di tins wey una
dey do before, make una nor dey lie give each oda. [10] Make una wear di
new pesin, so dat una go dey new as una dey learn to know and bi like di
Pesin wey kreate una.
[11] For heaven, e nor get anytin like Greek or Jew pesin; pesin wey dem
sekonsaiz or not; bush pesin; pipol wey dey chop human being; slave or
free pesin, but na Christ bi all and e dey inside all of us.

### *Love And Unity*

[12] So, as pipol wey God don choose, wey holy and wey E love well-well,
make una kwik dey sorry for pipol; dey gentol; nor dey karry body up and
wear patient like klot for body. [13] Make una dey bear with each oda; dey
forgive each oda; even doh una get wahala with anybody. Just as Christ
don forgive una, make una forgive odas too. [14] With all dis good tins, make
una love one anoda, bikos na love bi di best tin wey fit whole una togeda.
[15] Make Christ peace dey rule una heart (bikos na thru dis peace, Christ
take koll una as one body) and make una dey tank God. [16] Make Christ
word stay inside una and make una dey tish each oda with wisdom wey
go make una heart strong. Make una dey sing psalms, hymns and spiritual
song and dey do all dis tins to really tank God from una heart. [17] For anytin
wey una dey do, weda una dey tok or do oda tins, make una do am with
awa Oga God Jesus Christ name and tank God thru am.

### *Prishin To Family*

[18] Una wey bi wife, make una dey do wetin una husband wont, as Christ
pipol suppose do.
[19] Una wey bi husband, make una love una wife and nor dey wiked to
dem.
[20] Una wey bi pikin, make una dey obey una papa and mama for evritin,
(dey do evritin wey una papa and mama tok), bikos na wetin Christ like
bi dat.
[21] Una wey bi papa, make una nor do wetin go make una shidren vex,
so dat life nor go taya dem.
[22] Una wey bi savants, make una obey una mastas (dey do wetin dem
tok) for evritin and nor bi only wen dem dey look una. Make una nor dey
do like pipol wey wont make dem praiz dem, but make una dey obey with
betta mind, bikos una dey fear God. [23] Anytin wey una dey do, make una
do am with all una body, like sey una dey do am for Christ and nor bi for
pipol, [24] bikos una know sey na Christ una really dey serve and una know
sey E go reward una. [25] Pesin wey do bad, God go pay am back for wetin
e do, bikos God dey judge evribody akordin to wetin dem do, since E nor
dey support anybody anyhow.

## 4

### *Masta And Savant*

[1] Una wey bi masta, make una trit una savants well and nor shit dem,
bikos una know sey, unasef get masta for heaven.

### *Prayer For Paul Mission*

[2] Make una dey sirious for una prayer. Make una dey shine una eye as
una dey tank God wen una dey pray. [3] Like dis too, make una dey pray
for us, so dat God go give us betta shance to tok about Christ sekret, wey

make mi dey prison. [4] Make una pray make I tok well, so dat pipol go
undastand mi. [5] Make una dey wise as una dey tok with pipol wey nor
dey follow Christ. Make una use evry shance wey una get well. [6] Make all
of una word dey good and sweet like wetin dem put sugar, so dat una go
know how to ansa evribody.

### *Last Greetin And Kommand*

[7] Tikikus, my broda wey I love and awa Oga God savant; wey dey work
well-well like mi, go tell una evritin wey dey happen to mi. [8] Na bikos of
dis I send am kom meet una, so dat una go know how tins bi for us and
make e for give una heart. [9] Onesimus, di broda wey dey with us, wey wi
love well-well, wey bi one of una, I dey send am follow Tikikus. Dem go
tell una evritin wey dey happen for here.

[10] Aristakus, wey follow mi dey prison dey greet una and Mark wey bi
Banabas kousin (wey wi bin tell una sey, if e kom meet una, make una
welkom am) dey greet una too. [11] Jesus wey dem still dey koll Justus, dey
greet una. Jew pipol wey bi Christian and dey follow mi do God work, na
only dem dey help mi. [12] Epafras, wey bi one among una and Christ savant,
dey greet una. E dey pray well-well for una, so dat una leg go strong for
groun and una go grow as una dey learn di tins wey God wont. [13] Bikos
I bi witness sey, e don work well-well for una and doz wey dey Laodicea
and Hierapolis. [14] Awa friend Demas and Luke, wey wi love well-well, wey
bi doctor, dey greet una too. [15] Make una tell di brodas and sistas wey dey
Laodicea, with Nimfa and di pipol wey dey gada for en house sey, I greet
dem.

[16] And afta una don read dis leta, make una let di pipol for di church
wey dey Laodicea, read am too. Den make una still read di leta wey I rite
give dem.

[17] Make una tell Arkippus sey, make e finish di work wey Christ gi-am.

[18] Mi Paul, dey rite dis greetin with my own hand. Make una remember
di shains wey dem take tie mi and make God grace dey with una.

# Paul First Leta To Tesalonian Bilivers

*I Salot*

1 Na Paul, Silas and Timoti rite dis leta go give God and Jesus Christ
pipol wey dey di church for Tesalonika. Make God grace and peace dey
with una.
2 Wen ever wi dey pray, wi dey always tank God for all of una. 3 Wi
remember di work wey una don do thru faith and as una dey bear bikos
of di hope wey una get about awa Oga God Jesus Christ.
4 Awa brodas and sistas wey God love, wi know sey God don choose una
as en own. 5 Nor bi only thru ordinary word wi take prish di gospel give
una, but na with di Holy Spirit pawa and wi show sey, evritin wey e tok,
na true. Una know how wi dey live and help una.
6 So, una kon bigin do as wi and Christ dey do; even doh una sofa well-
well, una receive di message with joy wey di Holy Spirit dey give. 7 So
una bi ezample to all di pipol wey bilive Jesus for both Masidonia and
Akaia. 8 Bikos nor bi only sey di message about Christ don rish evriwhere
for Masidonia and Akaia, but dem don hear di news about una faith for
evriwhere. So wi nor even nid to tok about una again. 9 Pipol dey tok
about how una welkom us and leave di juju wey una dey serve before kon
follow di true God wey get life. 10 And una dey wait en pikin wey dey kom
from heaven. Dis na en pikin, Jesus wey E wake from deat and na-im go
save us from God vexnashon wey dey kom.

## 2

*Paul Prish For Tesalonika Pipol*

1 Awa brodas and sistas, una know sey awa visit nor dey yuzles. 2 Before
wi kom meet una for Tesalonika, dem sofa and trit us anyhow for Filippi
and many pipol nor wont make wi tok, but awa God give us pawa to prish
en Good News. 3 Bikos wetin wi dey prish nor bi with mistake, dirty mind
or wayo, 4 but na God choose us to prish di gospel and na so wi dey prish
am. Wi nor dey do am make pipol for praiz us, but make God wey dey si
awa heart, praiz us by ensef. 5 As una know, wi nor ever try to win una
with sweet words.
And God na awa witness sey wi nor dey pritend to bi una friends bikos
of una money. 6 Wi nor ever sey make pipol praiz us; weda na una or odas.
7 Wen wi dey with una, wi dey gentol like as mama dey kare for en pikin,
even doh wi for fit kollect money from una since wi bi Christ apostles.
8 Bikos wi love una, wi dey happy as wi dey share God word and awa own
life with una. 9 But awa brodas and sistas, wi hope sey una remember as
wi dey work for both day and nite, so dat as wi dey prish di gospel, wi nor
go bi problem to una.
10 As wi dey live with una wey bilive Christ, una and God na awa witness
sey, wi dey holy and dey do good tins for God eye without fault. 11 As unasef
know, wi dey trit una as papa dey trit en shidren. 12 Wi dey advise, beg

and tok to una sey, una must live una life as God wont, bikos na-im koll
una enter en own kingdom and glory.

[13] Wi still dey tank God evritime, bikos wen una asept God message wey
una hear from us, una nor asept am like sey na human being message, but
una asept am as God message and true-true na God message e bi and God
dey work inside una wey don bilive. [14] My brodas and sistas, na di same
tin happen to God church for Judea and una wey bilive Christ for der don
still sofa pain from una kountry-men wey bi Jew pipol. [15] Di same Jew
pipol wey dey ponish us, na dem still kill awa Oga God Jesus Christ and
di profets. Dem dey wiked to evribody and nor dey do wetin God wont.
[16] Dem even try to stop us, so dat wi nor go prish di message wey go give
salvashon to Gentile pipol. As dem dey do so, dia sins dey plenty more-
more. But naw, God vexnashon with ponishment dey kom meet dem.

### *Paul Plan To Visit Dem Again*

[17] My brodas and sistas, afta wi leave una (even doh wi still dey tink
about una), wi kon dey try to make sure sey wi si una again bikos of di
love wey wi get for una. [18] Wi bin won kom si una (mi wey bi Paul don
try to kom many times), but Satan spoil awa plan. [19] Nor bi una bi awa
hope, joy and crown wey wi go take boast give Jesus wen E kom? Yes! Na
una! [20] Bikos na una bi awa joy and glory!

## 3

### *Paul Love For Tesalonika Pipol*

[1] Wen wi nor fit bear-am again, wi kon sey wi go stay for Atens by awasef.
[2] So wi kon send Timoti, awa broda wey dey follow us do God work sey,
make e kom enkourage una koncerning una faith, [3] so dat nobody among
una go dey fear, bikos of all dis sofa. Unasef know sey all wetin dey happen,
na as God plan am. [4] Wen wi dey with una, wi dey tell una before di time
rish sey, wi go sofa well-well and e don dey happen as una dey si am. [5] So
wen I nor fit bear again, I send pesin make e help mi shek how una faith
bi, bikos I dey fear sey devil wey dey tempt pipol, don tempt una and all
di work wey wi do among una, don dey yuzles.

[6] But naw, Timoti don kom meet us afta e si una and e tell us di Good
News about di faith and love wey una get. E still tell us sey, una dey always
remember and dey hongry to si us, just as wi dey hongry to si una. [7] So,
awa brodas and sistas, for all awa trobol and sofa, awa heart dey strong
about una, bikos of una faith. [8] Naw, wi dey alive again, bikos una stand
well for Christ [9] and wi dey tank God for una. Wi dey tank am for di joy
wey wi get for en present bikos of una. [10] Wi dey pray with all awa mind
for day and nite sey, make God let us si una again kon let una know evritin
wey una suppose know about una faith.

[11] Make God awa papa and Oga God Jesus prepare road for us, so dat
wi go si una again. [12] Make Christ make una love for each oda and for
evribody, grow more-more and big, just as awa love for una bi, [13] so dat
una heart go dey strong for holiness. And for di time wey Christ go kom
with en pipol, una go dey without fault for God present.

# 4

*Life Wey God Wont*

1 Finally, my brodas and sistas, wi dey ask and beg una bikos of Christ
sey, as una don hear from us about how una suppose live as God wont (as
una dey do naw), make una kontinue to dey live like dat. 2 Una know di
kommand wey wi give una thru Christ.

3 Na wetin God wont bi dis: Make una dey holy; komot hand for bad
tins; nor sleep with who nor bi yor wife or husband. 4 Una wey bi man,
make una dey live with una wife for holiness and with respet, 5 nor bi to
dey follow who yu nor marry, just as Gentile pipol wey nor know God dey
do. 6 Make nobody shit en Christian broda or make am vex, bikos na God
go fight for di pesin wey yu shit and wi don tell una before and wi still
dey warn una sey, God go really ponish pipol wey dey do like dat. 7 Bikos
God nor koll us to live yeye life, but na to live holy life. 8 So, anybody wey
rijet wetin wi tok; nor bi human being authority e rijet, but na God wey
give una en Holy Spirit.

9 No nid to rite give una about love for una fellow Christians, bikos God
ensef don tish una about how una suppose love each oda. 10 And una
really dey show love to di Christian brodas and sistas for Masidonia. My
brodas and sistas, wi dey beg una sey, make una kontinue to dey do like
dat.

11 Make una dey do well, so dat una go live kwayet life; dey mind una
own business and dey work with una hand as wi kommand una before.
12 Like dis, doz sinnas go dey respet una and una go get evritin wey una
nid.

13 Awa brodas and sistas, wi wont make una know di trut about doz
pipol wey don die, so dat una nor go dey sad like pipol wey nor get hope.
14 Since wi bilive sey Jesus die and e wake-up; na so too wi bilive sey, doz
wey bi Christian before dem die, God go raiz dem up. 15 Bikos wetin wi
dey tish una naw, na wetin Christ tish sey: Wi wey dey alive wen Jesus
go kom, nor go follow am go kon leave doz wey don die bikos, all of us
go-go with am. 16 God big angel go shaut dey kommand as Christ dey kom
down from heaven; di angel vois go dey loud with God trumpet and doz
wey bi Christian before dem die, go first go up. 17 God go karry wi wey
remain for dis world go meet dem for sky, den all of us go-go meet Christ
for heaven. 18 So make una dey enkourage each oda with all dis word.

# 5

*Wen Christ Go Kom*

1 Brodas and sistas, koncerning di time and sizin wen dis tins go happen,
wi nor nid to rite anytin give una. 2 Bikos una really know sey, di day wen
Christ go kom, e go bi like wen tif dey kom for nite. 3 Wen pipol dey
sey, "Evritin dey okay and peaceful," na dat time wahala wey go skata
evriwhere go kom and e go bi like di pain wey woman dey face wen e
won born and nobody go eskape from am.

4 But una wey bi awa brodas and sistas, make una komot from darkness,
so dat, dat day nor go kom meet una as tif dey kom wen nobody dey espect,
5 bikos all of una na lite shidren. Wi nor bi nite or darkness shidren, 6 so

make wi nor dey sleep as odas dey do, but make wi shine awa eye well-
well. 7 Na for nite pipol dey sleep and dey drink anyhow. 8 But since wi
bilong to lite, make wi dey kwayet, use faith and love take protet awa
chest, den wear di hope wey wi get like priest kap for head. 9 Bikos God
nor choose us to sofa en vexnashon, but to get salvashon thru awa Oga
God Jesus Christ 10 wey die for us, so dat weda wi dey alive or wi don die
wen e kom, wi go stay togeda with am for heaven. 11 So make una dey
enkourage and help each oda, just as una dey do naw.

### *Di Last Tins Wey Una Go Do*

12 Naw wi dey beg una, awa brodas and sistas, make una dey respet doz
wey dey work, guide and tell una wetin to do about dis matter wey koncern
Christ. 13 Bikos of di work wey dem dey do, make una love and respet dem
well-well. 14 Wi dey beg una, awa brodas and sistas, make una tell pipol
wey dey bihave anyhow sey, wetin dem dey do nor good, den make una
help doz wey dey weak, but make una dey patient with evribody. 15 Make
una dey sure sey nobody pay bad for bad, but for evritime, make una
always dey do good for each oda and for evribody.

16 Make una dey happy evritime. 17 Make una dey pray evritime. 18 Make
una dey tank God for evritin, bikos na so God wont sey make una wey dey
inside Christ dey do.

19 Make una nor drive God Spirit komot for una life. 20 Make una nor
take God word wey pesin tok as yeye tin. 21 Make una test evritin kon dey
do wetin good. 22 Make una nor put hand for wiked and evil tins.

### *Last Word*

23 Make God wey dey give peace, help una to dey holy go rish di end, so
dat for di day wen Christ go kom, una spirit, soul and mind go dey without
fault. 24 Di Pesin wey koll una to do en work dey faithful.

25 My brodas and sistas, make una pray for us. 26 Make una greet all di
brodas and sistas as God wont am. 27 I kommand una with Jesus name
sey, make una read dis leta give all di brodas and sistas wey bilive.

28 Make awa Oga God Jesus Christ grace dey with una.

# Paul Sekond Leta To Tesalonian Bilivers

*I Salot*
[1] Na Paul, Silas and Timoti rite dis leta go give God and Jesus Christ pipol
wey dey di church for Tesalonika. [2] Make grace and peace wey God awa
papa and Oga God Jesus Christ dey give, dey with una.

*Tank God*
[3] Wi get betta rizin to dey tank God evritime for una, bikos una faith dey
grow more-more and di love wey una get for each oda, dey grow too. [4] So,
bikos of una faith and how una dey bear wahala and sofa, wi dey use una
boast to all di pipol for God church.

*Wahala Taims*
[5] Dis na sign sey God dey give korrect judgement. E wont make una dey
good to inherit en kingdom and na bikos of dis kingdom, una dey sofa so.
[6] E good as God dey ponish di pipol wey dey trobol una. [7] And una wey
dey sofa so, God go give wi and una rest wen Christ go kom from heaven
with en mighty angels. [8] Den Christ go use fire wey nor dey kwensh take
ponish doz wey nor know God and wey nor dey obey wetin wi dey prish
about am. [9] God go distroy dem and dia ponishment nor go ever end.
Wen Christ go kom receive glory from di pipol wey e choose, [10] e go drive
sinnas komot from en present, en pawa and en glory. Dat day, evribody
wey bilive, go praiz am and true-true, una bilive evritin wey wi tell una.
[11] Na dis make us dey always pray for una sey, as God koll una, E go make
una dey good and evry good tin wey una wont, go happen to una thru en
pawa, so dat una work wey una dey do with faith, go komplete. [12] So, bikos
of una, pipol go dey praiz awa Oga God Jesus Christ and akordin to awa
God and Oga God Jesus Christ grace, unasef go dey receive en blessing.

## 2

*Judgement Day*
[1] Naw my brodas and sistas, for di time wen Jesus go kom and wen God
go gada us go meet am, wi won tell una sey, [2] make fear nor dey una mind
or spirit; even doh wi tell or rite give una sey Christ go soon kom. [3] Make
nobody deceive una. Bikos dat day nor go kom until trobol go first kom
and true-true, di pesin wey God go distroy, go kom out. [4] E go oppoz and
karry ensef pass God and oda tins wey pipol dey woship. E go even sidan
for God Temple dey tok sey e bi God.
[5] Una remember sey wen I dey with una before, I tell una all dis tins.
[6] And una know wetin dey stop am, bikos e go only kom out wen en time
don rish. [7] Dis wikedness don already dey work for sekret and dem go
dey sekret until di pesin, wey bi di Holy Spirit wey dey whole dem, go
komot for road. [8] Den evribody go know who dis wiked man bi and God
go distroy am with breeze from Christ mout kon beri am with di glory
wey dey kom. [9] Di wiked man go kom with Satan pawa and e go do difren

mirakles and wonders. 10 E go use wayo deceive doz wey go perish, bikos
dem nor won love and respet di trut wey for save dem. 11 So God go make
dem deceive dis pipol well-well and dem go bilive dia lie-lie. 12 Den God
go distroy dem, bikos dem enjoy sin instead of di trut.

### *Stand Well For Groun*

13 But my brodas and sistas wey God love, wi dey always tank God for
una evritime, bikos God don choose una from di biginnin sey, E go save
una with di Holy Spirit pawa wey go make una dey holy, since una get
faith and trut. 14 E koll una enter en salvashon thru awa message, so dat
una go fit get share for Christ glory. 15 So, my brodas and sistas, make una
stand well for groun kon whole wetin wi tish una tait; weda na thru di
words wey wi tok or letas wey wi rite.

16 Naw I dey pray sey, God wey love and give us betta konfort thru en
grace and hope, 17 go enkourage and give una pawa for all di good work
wey una dey do or di words wey una dey tok.

# 3

### *Make Una Pray For Us*

1 Finally, my brodas and sistas, make una pray for us, so dat Christ
message go kontinue to spread kon get glory just as e really get among una.
2 Make God diliver us from wiked and evil pipol, bikos nor bi evribody get
faith. 3 But Christ dey keep en promise and E go make una strong. 4 Wi get
mind sey Christ go help una and una go do all di tins wey wi tell una. 5 I
pray make God guide una heart to undastand en love more-more, so dat
una go get Christ patient.

### *Make Una Live Well*

6 My brodas and sistas, wi dey kommand una with awa Oga God Jesus
Christ name sey, make una nor follow bilivers wey dey do anyhow and
nor dey do as wi tell dem. 7 Una know sey una suppose to dey imitate us,
bikos wi nor bihave anyhow wen wi dey with una. 8 Wi nor chop anybody
food wey wi nor pay for. Instead, wi dey struggol and work hard for day
and nite, so dat wi nor go bi wahala to una. 9 Nor bi sey wi nor get rite to
ask una, but wi won use awasef as ezample for una, 10 bikos even wen wi
dey with una, wi tell una sey, "Pesin wey nor ready to work, make e nor
chop."

11 Wi hear sey some pipol among una dey leave anyhow and dem nor
dey mind dia business, instead dem dey put eye for anoda pesin tin. 12 Wi
dey kommand and enkourage dis kind pipol with awa Oga God Jesus Christ
name sey, make dem do dia work well, so dat dem go fit feed demsef. 13 My
brodas and sistas, make e nor taya una to do good.

14 But if anybody nor obey awa message thru dis leta, make una look
dat kind pesin well-well and make nobody follow am waka or do anytin
togeda, so dat shame go katch am. 15 Make una nor si am as enemy, but
make una korrect am as una broda.

### *Last Word*

16 Naw, make Christ wey dey give peace, give una en peace evritime and
make di peace dey with una always.

[17] Na mi Paul dey rite and greet una with my own hand, just as I dey do
for evry leta wey I don send kom meet una. [18] Make awa Oga God Jesus
Christ grace dey with all of una.

# Paul First Leta To Timoti

## Introdushon

Timoti na Paul pikin for di Christainity. Na under Paul e grow up as dem dey go from place to place dey prish di gospel. Afta dem start di church for Efesus, Paul tell Timoti make e stay der so dat e go tish di pipol well bikos some bad tishas don kom won konfuse dem about dia faith. Dem tish di pipol bad tins about food, marriage and leadership for di church.

*I Salot*

1 Paul wey bi Jesus Christ apostle thru God awa Savior kommand, na-im
rite dis leta and na Jesus Christ bi di hope wey wi get: 2 To Timoti, my own
pikin for di faith. Make favor, mesi and peace wey dey kom from God awa
papa and Jesus Christ awa Oga God, dey with yu.

*Timoti Ministry For Efesus*

3 As I tell yu wen I dey go Masidonia, make yu korrect doz pipol for
Efesus wey nor dey tish di trut 4 but dey waste oda pipol time with di
words wey dem dey tok. Dis kind tin dey make pipol live yeye life, instead
of to dey hear God word wey dey make pesin faith strong. 5 But di rizin
why I dey give dis kommand, na bikos I love dem from my heart with
betta mind and faith. 6 Some disobey dis kommand kon dey tok tins wey
nor dey good. 7 Dem won tish pipol di law, but dem nor undastand wetin
dem dey tok, even doh dem dey tok with strong heart.

8 But wi know sey di law dey good wen pipol dey obey am. 9 God nor
give di law, bikos of good pipol, but na for pipol wey dey disobey and do
anyhow. Dis kind pipol dey like to sin and dem nor dey fear God. Dem
nor dey holy or get respet for anytin and dem fit kill dia papa, mama or
anybody. 10 Di law na for pipol wey dey sleep with who dem nor marry;
man wey dey sleep with man; woman wey dey sleep with woman; pesin
wey dey sell pipol as slave; lie-lie pipol; doz wey dey promise and dem
nor fit do am or anybody wey nor dey obey di rite tishings 11 wey dey dis
betta gospel, wey awa Oga God sey make I dey prish.

12 I tank Christ awa Oga God, wey give mi pawa to do en work. Even
doh I dey tok bad about am and dey opress en pipol before, 13 e si mi as
good pesin kon choose mi to serve am. But God sorry for mi, bikos den I
nor know wetin I dey do and I nor bilive en gospel. 14 But God grace big
well-well with faith and love wey dey for Jesus Christ.

15 Dis na true word and e good for evribody to asept and bilive am sey:
"Jesus Christ kom dis world kon save sinnas" and na mi worse pass. 16 But
God sorry for mi, so dat Christ go use mi as betta ezample to show sey,
e dey patient with even di pesin wey sin pass. Den odas go know sey,
demsef go fit bilive am kon get life wey nor dey end. 17 Make all di honor
and glory bi God own forever and ever! Na-im bi di King wey nor dey die,
di One wey nobody dey si and na only en bi God. Amen!

18 Timoti my pikin, na as dem tok for di words wey dem profesai about
yu before, na-im make mi give yu dis kommand. So make dis words make
yu strong as yu dey fight for Christ. 19 Whole yor faith for Christ well and

make yor mind dey klear. Bikos some pipol nor dey use good mind and
bikos of dat, dia faith don skata. 20 Hymenaeus and Alexanda na ezample
of doz kind pipol. I don give dem to Satan, so dat dem go stop to dey tok
anyhow about God.

# 2

## *Prayer For Evribody*

1 First of all, I tell una make una dey pray, ask and tank God for evribody.
2 Make una pray for kings and doz wey dey rule, so dat wi go fit live for
peace, get betta karata and good life with fear for God. 3 Dis kind tin
good and na wetin God awa Savior dey like, 4 bikos E wont make evribody
dey save and undastand di trut. 5 Bikos na only one God dey and na Jesus
Christ wey kom as human being, bi di pesin wey dey bring God and human
being togeda. 6 E die so dat evribody go dey free. Na dis message God go
give di world, wen di time don rish. 7 Na dis tins make God choose mi
as prisha, apostle and tisha to Gentile pipol, so dat I go prish faith and
wetin bi trut (na true word I dey tell una so, I nor dey lie). 8 So, I wont
make evribody dey pray for evriwhere, dey raiz dia holy hand without
vexnashon or kworel.

## *Wimen Karata*

9 I wont make wimen dey dress well with sef kontrol. Nor make yeye
hair style; nor wear too mush gold or stones and klot wey dear well-well.
10 Instead, make dem get good karata as wimen wey dey fear God, suppose
bi. 11 Make wimen dey kwayet and listin well as dem dey learn. 12 I nor
allow woman tish or give dem authority ova men. Make dem kwayet dey
listin, 13 bikos na Adam God first kreate, nor bi Eve. 14 And nor bi Adam,
Satan deceive. Satan deceive di woman and na so sin take kom dis world.
15 But God go save di woman wen e won born, so-far e kontinue to get
faith, love, holiness and dey kontrol ensef.

# 3

## *Leaders For Church*

1 Dis na true word: If any man like to bi leader, na betta work e wont.
2 Leader for church must bi pesin wey nor get fault; wey get only one
wife; fit kontrol ensef; get sense and respet; dey welkom pipol and e bi
good tisha. 3 Make e nor bi drunkard or pesin wey like to fight; but e
must dey gentol. Make e nor bi pesin wey like to kworel or love money.
4 E must bi pesin wey dey manage en own house well and dey make en
shidren obey and respet am. 5 If pesin nor fit manage en own house, na
how e go take manage God church? 6 Who won bi leader must bi pesin
wey get strong faith, bikos if e nor strong for faith, e go start to karry body
up, den Satan go ponish am. 7 Pipol wey nor dey di church must dey tok
good about di pesin wey bi leader, so dat dem nor go disgrace and make
am fall enter devil trap.

8 Like dis too, deakons must bi pipol wey get good karata; nor bi pipol
wey dey play wayo; dey drink anyhow or love money. 9 Dem must bi pipol
wey get mind and dey prish di trut about di faith wey God don show us.
10 Before dem go choose deakons, make dem test dem well-well. If dem
pass di test, den dem fit serve as deakons.

11 Like dis too, dia wifes must get good karata, nor bi wifes wey dey lie
or gossip, but dem must fit dey kontrol diasef and dey honest for evritin.

12 Deakons must dey faithful to en wife and must fit kontrol en shidren
and evritin for en house. 13 Doz wey don serve well as deakons, pipol go
respet dem well-well and di faith wey dem get for Christ, go dey strong.

*Karata For Church*

14 I dey rite all dis kommand to una naw, even doh I dey hope to kom
si una soon, 15 so dat if I nor kwik kom, una go know how pipol suppose
bihave for God church, wey bi di true pila and foundashon. 16 Wi know
sey God ways dey great well-well:

Christ kom as human being;
  di Spirit show sey e dey free;
  angels si am
wen e kom prish among Gentile pipol;
  pipol bilive am for di world
  and God karry am go heaven with glory.

# 4

*Timoti Ministry*

1 Di Spirit tok sey for di last days, some pipol go leave di faith kon dey
bilive lie-lie spirits and follow wetin demons dey tish. 2 Dis pipol dey lie
and na wayo dem sabi do and dia mind don skata. 3 Dem dey tish sey, e
nor good to marry or chop some kind food. But na God kreate dis food and
E sey pipol wey bilive di trut fit chop am afta dem don tank am. 4 Bikos
evritin wey God kreate, dey good and wi nor suppose rijet any food, so-far
wi don tank God for am, 5 bikos God word and prayer don make am klean.

6 If yu give all dis kommand to di brodas and sistas, yu go bi good savant
for Christ, bikos yu don feed yorsef with God word, wey bi di spiritual food
and naim bi di good tishing wey yu dey follow. 7 But make una rijet lie-lie
and yeye story. Instead make una dey train unasef with betta words from
God. 8 Fisical trainin dey good, but na to know God good pass, bikos yu go
get reward for dis life and di one wey dey kom.

9 Dis na true word and e good make evribody asept am with betta mind.
10 Na dis make wi dey work hard and dey struggol, bikos awa hope dey
with God wey dey alive and E dey save evribody, especially doz wey bilive
am.

11 Make yu tish di pipol dis tins and make sure sey, dem do dem. 12 Nor
let anybody opress yu bikos of yor age; but make yu show ezample to doz
wey bilive thru yor word, karata, love, faith and as yu pure rish. 13 Until
I kom back, make yu dey read God Word for church, dey enkourage di
bilivers and tish dem. 14 Nor stop to dey use di spiritual gift wey yu get;
bikos yu get am thru profesy, wen eldas put hand for yor head dey pray.

15 Make yu dey learn dis tins; dey do am with all yor mind, so dat pipol
go si as yu dey progress. 16 Make yu wosh as yu dey live yor life and di
tins wey yu dey tish. Get patient, bikos if yu dey do like dis, yu go save
yorsef and doz wey dey listin to yu.

# 5

*Kommand To Di Church*
[1] Make yu nor tok anyhow to pesin wey old pass yu, but dey tok to am
with respet like sey yu dey tok to yor papa. Tok to yong men as yu go take
tok to yor broda. [2] Make yu trit wimen wey old pass yu like sey dem bi
yor mama and wimen wey yu senior, make yu trit dem with good mind
like sey dem bi yor sistas.

[3] Respet and kare for wimen wey dia husband don die. [4] But if di woman
get shidren or grand-shidren, di first tin wey dem go do for dia family, na
to show sey dem dey fear God, as dem dey kare for dia papa and mama.
Dis na wetin dey make belle sweet God. [5] Naw, woman wey en husband
don die and e really dey alone for dis world, dey trust God. E dey pray for
nite and day sey make God help am. [6] But if e just dey enjoy ensef anyhow
for dis world, dat mean sey en spirit don die, even doh e still dey alive.
[7] Make yu always dey give dis kommand so dat dem nor go get fault. [8] But
if anybody nor fit kare for en pipol, especially en family membas, e don
deny di faith bi dat and e worse pass sina.

[9] Woman wey don pass sixty years and e dey faithful to en husband bi for
di man die, make una put am join doz wey di church dey help. [10] Evribody
go know am for di good work wey e dey do sey: e don train shidren; dey
welkom strenjas; dey serve God pipol; dey help doz wey nor get and e dey
do difren good work.

[11] But yong woman wey en husband just die, make una nor put am join
doz wey di church dey help, bikos wen dem dey hongry to marry again,
dem go fit leave Christ kon bigin sin. [12] So God go judge dem, bikos dem
don break dia promise. [13] For di same time, dem go dey lazy, dey waka
from house to house, dey do aproko and tok anyhow. [14] So I wont make di
yong wimen marry; born shidren; dey guide dia house, so dat enemies nor
go get shance to akuiz dem. [15] Bikos some pipol don already dey follow
Satan.

[16] If anybody wey bilive get rilashons wey en husband don die, make e
help dem. Make e nor worry di church about dem, so dat dem go fit help
di oda wimen wey dia husband don die.

[17] Doz wey dey lead well, make dem pay dem well, especially doz wey
dey work and tish well-well, so dat di gospel go stand. [18] Bikos God word
sey, "Animal wey dey harvest korn, make una nor tie en mout." Anybody
wey dey work, suppose get en pay. [19] Make yu nor asept any words wey
dem tok against any leader, unless two or three pipol bear witness sey na
true. [20] Doz wey dey sin, make yu korrect dem for evribody front, so dat
e go bi warnin to odas.

[21] For God, Jesus Christ and di angels wey dey with us, I dey enkourage
yu make yu obey all di kommand without wayo.

[22] Make yu nor hurry to make pesin leader and nor rush put hand for
en head, so dat yu nor go karry anoda pesin sin for yor head. Make yu
keep yorsef pure.

[23] Nor dey drink only wota, but make yu still drink small wine bikos of
yor belle wey dey make yu sick anyhow.

[24] Remember sey some pipol dey sin make evribody si am and dis dey
judge dem. But e get some wey yu nor go know dia sins naw, but leta, e
go kom out for publik. [25] Like dis too, pipol dey si di good work wey odas

dey do and one day, di good work wey dem do for sekret, go kom out for
publik.

# 6

*Savant Work*

1 Una wey bi savants, make una dey respet una masta, so dat nobody
go tok bad about God and wetin wi dey tish. 2 Make una nor disobey una
masta, bikos dem bi bilivers. But make una serve and love dem well, bikos
di mastas wey una dey serve, na Christian dem bi.

*Lie-lie Tishings*

Timoti, make yu tish dis tins and dey enkourage evribody to obey am.
3 If anybody dey tish wetin nor korrect and nor gri with awa Oga God
Jesus Christ tishing and as God wont make wi dey live awa life, 4 dat pesin
dey proud and na only to dey argue and kworel, e know. Dis kind tin
nor good, bikos jealousy; kworel; lie-lie; to dey suspet odas anyhow 5 and
wahala, naim e dey kause. Dia mind don spoil and dem nor know di trut
again, bikos dem tink sey dem fit use God work take make money.

6 To live as God wont and dey happy with wetin E give yu, dey bring
betta reward. 7 Bikos wi nor bring anytin kom dis world and true-true, wi
nor go take one singol tin komot from dis world afta wi don die. 8 But if wi
get food to chop and klot to wear, make dem rish us. 9 Pipol wey won get
money by force, dey fall enter temptashon and dem dey get troat for yeye
tins wey go distroy and put dem for wahala. 10 Pesin wey love money, go
get wahala, wiked and evil tins. Bikos some pipol one get money by force,
dem don fall komot from di faith kon wound demsef anyhow.

11 But yu wey dey serve God, make yu nor put hand for all dat kind tin.
Instead, make yu dey struggol to do wetin dey rite and good; dey keep yor
promise; dey love; get patient and dey gentol. 12 Make yu fight di fight wey
dey make faith strong and whole di life wey nor dey end, wey go make
pipol praiz God, bikos na dis make am koll yu. 13 Before God wey dey give
life to all tins and Jesus Christ wey tok well for Pontius Pilate front, I dey
tell yu from my heart sey, 14 make yu obey dia kommand without fault or
blame, until awa Oga God Jesus Christ go kom. 15 Bikos wen di time don
rish, Christ go kom from heaven with God mighty pawa: Na God bi di King
for all kings and Oga God of all oga. 16 Dis God nor fit die and E dey stay
for lite wey nobody fit waka near. Lite wey human being neva fit si. Make
all honor and pawa bi en own forever and ever. Amen!

17 Make yu give dis kommand to rish pipol. Tell dem sey, make dem nor
dey karry body up kon dey trust dia money wey nor get value and make
dem dey trust God wey dey give us evritin wey wi nid to take enjoy dis
life. 18 Tell dem sey, make dem use dia money take do good. Make dem
dey do plenty good works kon dey give doz wey nor get and make dem
always dey ready to share with odas. 19 If dem dey do like dis, dem go dey
use dia money and propaty take lay good foundashon for dia future, so
dat dem go get life wey nor dey end.

20 Timoti, make yu guide wetin God give yu well-well. Nor put yor mout
for yeye tins or matter wey pipol wey nor know God dey tok and do, bikos
dem dey oppoz yu with wetin dem feel sey dem know. 21 Some pipol don

fall komot from di faith, bikos dem dey listin to pipol wey dey do doz bad tins.

Make God grace dey with all of una.

# Paul Sekond Leta To Timoti

## Introdushon

Di sekond leta na to enkourage Timoti make e stand firm for di faith and tish korrect doctrine, so dat false tishas nor go fit deceive pipol to follow wrong way. Paul remind Timoti sey, before Jesus Christ go kom, di trobol wey dem go face, go plenty well-well, bad tishas and wiked pipol go dey and dem go dey tok against God pipol. Paul tell Timoti make e remember di message about Jesus Christ wey die and raiz-up from deat.

*I Salot*

1 Na Paul, Jesus Christ apostle rite dis leta, bikos na so God wont am, so
dat I go prish about di life wey God promise us thru Christ. 2 To Timoti,
my pikin wey I love. Make grace, mesi and peace dey with yu from God
awa Papa and awa Oga God Jesus Christ.

*Paul Tank Timoti*

3 Anytime I remember yu for my prayer, weda na for nite or day time, I
dey always tank God wey I dey serve with betta mind, just as my grand-
grand papa dem serve am. 4 Wen I remember as yu take kry, e dey hongry
mi to kom si yu, so dat joy go full my mind. 5 I always dey remember
di faith wey yu first get from yor grand-mama, Lois and from yor mama,
Eunice. I dey sure sey e dey inside yu.

6 Na dis make mi dey remind yu sey, make yu dey use God gift wey yu
get well and yu receive dis gift afta I lay hand for yor head. 7 Bikos God
nor give us di spirit wey go make us fear, but di spirit wey E give us, get
pawa, love and sef kontrol.

8 So make yu dey proud to tok about Christ or about mi wey dey prison
bikos of am and make yu use di pawa wey God give yu, take follow mi sofa
for dis gospel. 9 Bikos God save and koll us to live holy life. E do like dis,
nor bi sey wi deserve am bikos of wetin wi do, but na so E plan am even
before di world start, so dat wey go know en grace thru Jesus Christ. 10 But
naw, E don bring all dis plan out wen awa Oga God Jesus Christ kom dis
world. E distroy deat pawa kon bring life wey nor dey end thru di gospel.
11 Na dis gospel make God choose mi as prisha, apostle and tisha. 12 And
naim make mi dey sofa wetin I dey sofa so. But I nor dey shame, bikos I
know di Pesin wey I dey serve and I dey sure sey, E go guide di tin wey I
gi-am whole, until di day wey Christ go kom.

13 Make yu kontinue with di word wey I tell yu kon dey do am with di
faith and love wey dey inside Christ. 14 Make yu guide di good tins wey
God give yu thru di Holy Spirit wey dey inside us.

15 Yu know sey evribody for Asia, Figelus and Hermogenes aria, don run
leave mi.

16 Make God show en mesi to Onesiforus family, bikos e dey always make
mi happy and e nor dey shame sey I dey prison. 17 Wen e kom Rome, e
find mi for evriwhere until e si mi. 18 For di day wen Christ go kom, make
e show am en mesi! And yu know how e help mi wen I dey Efesus.

# 2

*Betta Soja For Christ*

1 So yu, my pikin, make yu dey strong for di grace wey Christ dey give.
2 Di tins wey yu hear mi tok for pipol present, make yu tish oda pipol wey
yu trust sey dem dey ready to tish odas. 3 Make yu dey ready to sofa as mi
and odas dey sofa, so dat yu go bi good soja for Christ. 4 Nor-tin koncern
sojas with tins wey ordinary pipol dey do; if not, e nor go do wetin en oga
wont. 5 Bikos anybody wey dey run race, nor go fit win unless e follow
di rule wey dey di game. 6 Farmer wey work well-well, naim suppose get
di first share for di harvest. 7 Make yu tink about wetin I dey tok so and
Christ go help yu to undastand evritin.

8 Remember Jesus Christ wey kom from David family; di pesin wey God
raiz from deat; bikos na so e bi for di message wey I dey prish 9 and na
dis Good News make mi dey sofa, sotey dem kon put mi for prison like tif;
but dem nor fit put God word for prison! 10 So I dey ready to bear di sofa,
as long as e go save doz wey God don choose inside Christ with glory wey
go dey forever and ever. 11 Dis word na true:

If wi die with am,
    wi go live with am too.
12 If wi bear with am,
    den wi go reign with am too
and if wi sey wi nor know am,
    en too go sey, e nor know us.
13 Weda wi get faith for am or not,
    Christ go still bi who e bi
    and e nor go shange.

*Worker Wey God Choose*

14 Make yu remind evribody about dis tins, den make yu kommand dem
for God present sey, make dem nor dey argue about words, bikos doz kind
tins nor dey good and e fit konfuse doz wey dey listin. 15 Make yu do evritin
wey yu fit do, so dat God go si yu as betta pesin. Dey do yor work well as
pesin wey nor dey shame, but dey ready to esplain God word wey bi trut.
16 Make yu nor put mout for yeye tok, bikos pipol wey dey do doz tins, dey
far from God. 17 Dia word dey spread like diziz and na dis tin happen to
Hymenaeus and Filetus. 18 Dem leave di trut kon dey sey resureshon don
happen already and like dis, dem don make some pipol fall from di faith.
19 But God strong foundashon still stand and dem rite put sey, "God know
en pipol and evribody wey bi Christ own, must stop to do evil."

20 Wen yu go rish man house, nor bi only gold and silva tins dey der,
but tins wey dem use wood and klay take make still dey der too and some
dey make di house fine and odas nor good at-all. 21 So if yu keep yorsef
without fault, yu go bi betta pesin wey Christ fit use as e dey do en good
work.

22 Make yu run from doz tins wey dey hongry yong pipol to do, so dat
yu go please God forever. Den yu go fit love and stay for peace with odas
wey dey serve God with klean heart. 23 I dey tell yu again sey, make yu
nor put mout for yeye word, bikos yu know sey dis kind tin dey kause
kworel. 24 Pesin wey bi Christ savant nor dey kworel, instead e must dey
good with evribody; must sabi tish well-well and get patient with sturbon

pipol. 25 E must dey gentol as e dey korrect pipol wey dey oppoz en prishin
and God fit let dis pipol turn from sin kom meet am, so dat dem go know
di trut. 26 Den dia sense go korrect and dem nor go fall enter devil trap
again. Bikos devil don katch dem put inside en trap before, so dem dey do
anytin wey e wont.

# 3

*Last Days Ministry*

1 Make yu undastand sey, for di last days before dis world go end, tins
go hard well-well. 2 Pipol go dey tink of diasef alone; dey like money; dey
boast; dey karry body up; dey tok bad about God; dey disobey dia papa and
mama and dem nor dey tank even pipol wey do good for dem. 3 Dem nor
get love or forgivenes; dem go dey gossip odas and nor fit kontrol diasef.
Dem go dey wiked and hate wetin good. 4 Dem go betray dia friends; dey
do tins before dem tink; dey feel sey dem dey important and dem go love
enjoyment pass God. 5 If yu look dem well-well, dem bi like God pipol, but
dem don rijet God pawa. So make yu run from dis kind pipol.
6 Bikos na dis pipol dey hide enter pipol house kon sleep with wimen
wey nor get sense; wey dey sin well-well and wetin dey sweet dis wimen
to do, na-im dey kontrol dem. 7 Doz kind wimen dey try to learn, but dem
nor dey fit know di trut. 8 Just as Jannes and Jambres oppoz Moses; na
so too, dis pipol wey dia mind block and nor get faith, dey oppoz di trut.
9 But dem nor go do am tey, bikos evribody go si how dem foolish rish, just
as e happen to Jannes and Jambres.

*Kontinue To Do Wetin Yu Learn*

10 But yu don know my tishings; di way I dey live my life and why I dey
do wetin I dey do: my faith; patient; love and as I dey bear. 11 Yu know di
wahala and sofa wey happen to mi for Antiok, Ikonium and for Lystra. I
bear all dis wahala and Christ save mi from dem. 12 True-true, anybody
wey won live di kind life wey God wont inside Christ, make e know sey
e must sofa. 13 But wiked and evil pipol nor go prosper. Dem go deceive
odas and dem go deceive diasef too. 14 But make yu kontinue to do wetin
yu learn. Yu know sey dis tins na true and yu trust doz wey tish yu. 15 Dem
don tish yu God word since yu bi small pikin and yu don get salvashon to
receive di wisdom wey dey kom thru Christ, wey yu trust. 16 Evry word
wey dey Bible, kom from God and dem dey good to tish us di trut and to
know di tins wey dey wrong for awa life. God word dey korrect us wen
wi dey wrong and e dey tish us to do good tins, 17 so dat as wi dey do God
work, wi go fit do am well and wi go get evritin wey wi nid to take do good
tins.

# 4

*Minister Work*

1 I dey tell yu wetin to do for God and Jesus Christ present. Wen Christ
go appear to make en kingdom stand, e go judge pipol wey dey alive and
doz wey don die. 2 Make yu dey prish God word and dey ready, weda di
time dey okay or not. Make yu use patient take korrect and enkourage
yor pipol with betta tishing. 3 Bikos time dey kom wen pipol nor go won
hear good and betta tishing again. Instead, dem go dey follow wetin dey

hongry dem to do kon dey find tisha wey go tish dem wetin dem won hear.
[4] Dem go rijet di trut and love lie-lie story. [5] But make yu kontrol yorsef
for evritin. Nor fear to sofa for Christ. Dey do God work and dey tell odas
about di Good News.
[6] For mi, I don already use my life as ofrin for God work, bikos di time
wey I go die, don near. [7] I don fight di good fight for di faith wey I get;
I don run di race finish; I don do wetin I promise sey I go do. [8] Naw, di
prize for raitiousness dey wait mi and na God wey dey judge rite go give
mi dis prize for di day wen Christ go kom. Di prize nor bi for mi alone,
but na for evribody wey dey wait for Christ to kom back.

### *Last Word*

[9] Make yu try yor best to kom si mi soon. [10] Bikos Demas love dis world
tins, e kon run leave mi go Tesalonika. Crescens don go Galatia and Titus
go Dalmatia. [11] Na only Luke dey with mi. Make yu karry Mark follow
body wen yu dey kom, bikos e go fit help mi for di ministry work. [12] I
send Tikikus go Efesus. [13] Wen yu dey kom, bring di klot wey I leave with
Karpus for Troas. Make yu bring my book, especially my papers.
[14] Alexanda wey dey do iron work, wiked mi well-well, but Christ go
judge am for wetin e do. [15] Make yu dey kareful with am, bikos e fight
against evritin wey wi tok.
[16] Di first time wen dem karry mi go kourt, evribody abandon mi and
all of dem run leave mi. Make God nor judge dem bikos of wetin dem
do! [17] But God dey for my side and E give mi pawa, so dat thru mi, Gentile
pipol go hear di Good News and Christ don save mi from lion mout! [18] And
Christ go still save mi from evry evil plan until e take mi enter en kingdom.
Make glory bi en own forever and ever. Amen!
[19] Make yu help mi greet Priscilla, Akwila and Onesiforus family.
[20] Erastus dey for Korint and bikos Trofimus nor well, I kon leave am for
Miletus. [21] Make yu try kom before kold sizin go rish. Eubulus, Pudens,
Linus, Klaudia and all di brodas and sistas dey greet yu.
[22] Make Christ dey with yor spirit. Make God grace and favor dey with
yu.

# Paul Leta To Titus

## Introdushon

Titus travel with Paul for di sekond, third and fourt Mission trips. So Titus kon bi Paul rite-hand-man, as dem from place to place dey prish di gospel. Di kind of bad tishas wey Efesus pipol esperience also happen for Krete, so Paul kon tell Titus make e stay for Krete to tish di pipol korrect doctrine. E tell Titus to choose good leaders wey dey fear God and wey go fit tish di pipol di korrect tins about Christ. Paul diskribe di wiked leaders like doz wey dey Efesus, so Paul enkourage Titus to stand firm and make e tish di pipol well, so dat dem nor go follow di bad tishas. Paul tell di bilivers sey God grace dey with dem and e go save dem bikos na di true message about Jesus dey make pipol get betta life.

*I Salot*

1 Na Paul, wey bi Jesus Christ apostle and God savant rite dis leta to help
pipol wey God don choose, so dat dia faith go strong kon know di trut wey
go help dem live di kind life wey God wont. 2 Di trut dey give dem di mind
sey dem get life wey nor dey end and na God wey nor fit lie promise dem
dis life even before E kreate di world. 3 As di time don rish, E don give us
en message thru di word wey wi dey prish give evribody and na God awa
Savior give mi pawa to do dis work. 4 I dey rite to Titus, my own pikin for
faith. Make grace and peace wey dey kom from God awa Papa and from
awa Savior Jesus Christ, dey with yu.

*Titus Work For Krete*

5 Titus! Na dis message make mi leave yu for Krete, so dat yu go kontinue
awa work for der and pick new leaders for each town, just as I kommand
yu. 6 Anybody wey won bi elder must dey good. E must get only one wife
and en shidren must bi bilivers; dey gentol and dey respet demsef. 7 Make
pesin wey bi leader nor get fault, bikos na God work e dey do. Make e nor
dey karry body up; dey kwik vex or drink anyhow; dey like to beat pipol
or love money. 8 Instead make e dey welkom strenjas for en house; love
wetin dey good and e must get sense; make e nor dey put hand for bad
tin; e must dey holy and fit kontrol ensef. 9 E must bilive di message about
God wey e dey tish, so dat e go fit tell pipol di trut and korrect doz wey
dey oppoz am.

10 Many pipol nor won do wetin God tok, instead, dem dey tok anyhow,
dey deceive pipol and follow Jew pipol law wey sey, evribody must
sekonsaiz. 11 So wi must stop dem, bikos dem dey tish pipol tins wey go
make pipol komot from di trut and dem dey do like dis, bikos of di money
wey dem go get. 12 Even one among dia own profets sey, "Krete pipol dey
always tok lie, dem bi wiked animals and lazy pipol wey get long-trot."
13 Wetin di profet tok, na true. So bikos of dis, make yu stop dem, so dat
di bilivers go strong for faith. 14 Make dem stop to listin to Jew pipol lie-lie
story and nor dey bihave like doz wey nor bilive. 15 Evritin dey pure to
doz wey dia heart dey pure. But nor-tin dey pure to doz wey bad tins full
dia mind. 16 Dis kind pipol dey sey dem know God, but di way wey dem

dey live dia life, show sey dem nor know am, bikos dem get bad mind, dey
disobey God and dem nor ever dey like betta tin.

# 2

*Good Tishing*

1 But for yu Titus, yu must tish pipol how to bihave well. 2 Make yu tish
old men sey, make dem nor dey bihave anyhow, so dat pipol go respet
dem and make dem dey kontrol demsef; get faith; dey show love and dey
patient. 3 Make yu tish old wimen sey, make dem live life wey go make God
happy. Make dem nor tok bad about pipol; nor dey drink anyhow, instead
make dem tish oda wimen wetin dey good. 4 So, make di old wimen train
and tish di yong ones how dem go take love dia husband and shidren; 5 to
dey kontrol diasef; get pure mind; dey do dia house work well; dey kare
for pipol; dey do as dia husband wont, so dat pipol nor go tok anyhow
about God word wey wi dey prish so. 6 Make yu tish yong men to dey live
dia life with betta sense 7 and make yu yorsef bi good ezample to dem.
Make evritin wey yu dey do, show sey wetin yu dey tish, na trut. 8 Make
yu prish di trut, so dat pipol nor go get rizin to tok against yu. Den doz
wey dey oppoz yu, go shame and dem nor go get word to tok about us.
9 Una wey bi savant, make una dey do evritin wey una oga wont and wen
una oga tok to una, make una nor dey ansa am anyhow. 10 Make una nor
dey tif, instead make una dey show sey una get faith, so dat evritin wey
una dey do, go bring praiz to God awa Savior.
11 Bikos God grace wey bring salvashon, don kom out make evribody si
am. 12 Di grace dey tish us sey, make wi nor live like pipol wey nor know
God or dey bihave anyhow. So make wi dey kontrol awasef; dey do good
and follow God for dis time wey wi dey so, 13 bikos wi dey wait for di day
wen God sey Christ, wey bi awa God Almighty and Savior, go kom. 14 E die
for us, so dat e go free and klean us from wikedness kon turn us to en own
pipol wey like to do good tins. 15 Make yu tish dem dis tins and korrect
dem with boldness. So, make yu nor let anybody trit yu like small pikin.

# 3

*Do Good*

1 Make yu remind di bilivers sey, make dem respet doz wey dey rule
dem. Dem must obey and dey ready to do good. 2 Make dem nor ever
tok bad about anybody, instead make dem dey live for peace, dey gentol
and dey bihave well to evribody. 3 Before naw, wi dey bihave like fool; wi
nor dey obey; wi dey deceive pipol; wi bi savant to tins wey dey sweet us;
wi dey do bad tins and dey jealous odas; pipol hate us and wi hate dem
too. 4 But wen God awa Savior show us di kindness and love wey E get for
us, 5 E kon save us. Nor bi bikos wi do good, but na bikos of en mesi. E
forgive awa sins and E make us new shidren kon give us new life thru di
Holy Spirit. 6 God give us dis Spirit for free thru Jesus Christ wey bi awa
Savior. 7 Since Christ grace don make us klean for God eye, wi don bi pipol
wey dey wait for di life wey nor go end and wi dey sure sey, wi go get am.

*Wetin Dey Dis Leta*

8 Dis word wey I dey tok so na trut and I wont make yu make sure sey
evribody wey trust God dey do good. Dis tishing dey good and e go help

evribody. 9 Nor put mout for word wey nor dey good: like matter wey
koncern who born who and kworel or fight about Jew pipol law. All dis
tin dey yuzles and dem nor mean anytin. 10 If anybody dey won kause
kworel for di church and yu don warn am rish two times and e nor gri
shange, den make yu drive am. 11 Bikos dat kind pesin don turn from di
trut and en own sin go kondemn am.

*Last Word*

12 If I send Artemas or Tikikus kom meet yu, make yu try kom meet mi
for Nikopolis, bikos I don decide sey, na der I go stay until kold sizin go
end. 13 Make yu do evritin wey yu fit do to help Zenas, wey bi lawyer
and Apollos for dia journey and make sure sey dem get evritin wey dem
nid. 14 Like dis too, awa pipol go learn how to do good and help pipol wey
really nid help. And as dem dey do like dis, dem nor go live yuzles life.
15 Evribody wey dey with mi dey greet yu! Make yu greet all di pipol wey
love us. Make God grace dey with all of una.

# Paul Leta To Filemon

## Introdushon

Paul rite dis leta to Filemon, one rich man for Kolosse. Onesimus na Filemon slave wey run away but e konvert to Christ wen e meet Paul for Rome. Naw, Paul wont send am back to en masta. Paul hope sey Filemon nor go just forgive Onesimus, but e go welkom am back, not just as slave but as en fellow Christian broda. Paul rite to Filemon to let am know sey Onesimus life don shange. En name mean "yuzful" for Greek, so Paul tell Filemon sey even doh e bin dey yuzles (savant wey Filemon nor fit trust before), naw, e don dey yuzful to di too of dem. Paul nor force Filemon, but e just dey appeal to am to receive am bikos of love. As e hapun, Filemon kon listin to wetin Paul tok and matter kon settle.

*I Salot*

1 Na Paul wey bi prisona bikos of Jesus Christ and awa broda Timoti rite
dis leta to Filemon, awa dear broda and ko-worker. 2 And to Afia awa sista,
Arkippus awa fellow soja and di church pipol wey dey meet for en house.
3 Make God and awa Oga God Jesus Christ give una grace and peace.

*Filemon Love And Faith*

4 Evritime wey I remember yu for my prayers, I dey tank my God, 5 bikos
I don hear about di faith and love wey yu get for awa Oga God Jesus Christ
and all God pipol, 6 so I dey pray sey di faith wey yu get go make yu
undastand all di blessings wey bi yor own inside Christ. 7 I get joy and
my heart dey strong bikos of yor love and thru yu, all God pipol heart don
strong too.

*Wetin Paul Ask Onesimus*

8 Since I get strong bilive for Christ sey, I fit tell yu make yu do wetin
dey rite, 9 mi Paul, wey bi old man and prisona bikos of Christ, won advise
yu with love. 10 Abeg, make yu dey kind to Onesimus, wey bi my pikin for
God work and e dey prison with mi. 11 Before, e nor dey yuzful to yu, but
naw, e dey yuzful to mi and yu. 12 I dey send am kom back kom meet yu
(even doh I love am well-well). 13 If to sey yu dey here, I for wont make e
help mi as I still dey prison bikos of di gospel work. 14 But I nor won do
anytin wey yu nor go like, so dat di good wey yu do, nor go bi by force,
but e go kom from yor mind. 15 May bi na bikos of dis make am nor dey
with yu since, but naw, e go dey with yu forever. 16 Nor bi as slave, but
as broda wey wi love, bikos e don big pass slave. E don bikom awa broda
naw, bikos God don shange am. 17 So, if yu si mi as yor broda and patina,
make yu asept am as yu go take asept mi. 18 If e tif or whole yu anytin
before, make yu tell mi and I go pay. 19 Na mi Paul take my hand rite dis
leta sey, I go pay back, but I fit still sey, yu yorsef dey whole mi. 20 So my
broda, make yu do dis tin for mi bikos of Christ, so dat belle go sweet mi.
21 I dey sure sey yu go do wetin I ask yu, so I dey rite give yu, bikos I know
sey yu go do pass wetin I ask. 22 So, make yu prepare where I go stay, bikos
I know sey yor prayers go make dem free mi kom meet yu soon.

*Last Word*

23 Epafras, wey dey prison with mi, bikos of Jesus Christ, dey greet yu.
24 Mark, Aristakus, Demas and Luke, wey bi my ko-workers, dey greet yu
too. 25 Make awa Oga God Jesus Christ grace dey with yor spirit.

# Di Leta to Hibru Pipol

## Introdushon

Nobody really know who rite dis book or who e rite am to. Di book show en sey main audience na Jew pipol wey dey stay for foreign kountries and dem bilive Jesus Christ. Dem bi pipol wey speak Greek as dia main language but wey dia faith for Jesus kon dey shake, bikos of di suffer wey dem dey esperience. Di book show how di new kovenant wey God bring thru Jesus Christ betta pass di former one wey Moses law tish. Di pesin wey rite am enkourage di bilivers sey make dem nor fear but make dem get faith for di life wey dey inside Jesus.

Di main kontribushon wey di book make to di New Testament bi sey, e show how Jesus Christ fulfil all di tins wey di Temple, sakrifice and priesthood for di Old Testament stand for. Doz tins na di shadow wey point to di real tins wey God plan for humanbin.

### *God Tok About En Pikin*

1 Before-before, God tok to awa grand-grand papa dem for many ways,
thru di profets, 2 but naw, E dey tok to us thru en pikin wey get evritin
and na thru am, E kreate di world. 3 Na dis pikin bi God image and e dey
show God glory. Naim dey keep evritin wey dey dis world with en pawa.
Afta e don die make God for forgive evribody dia sins, e kon go sidan for
God rite side for heaven. 4 E big pass di angels, just as di name wey God
gi-am big pass angels own too.

### *Di Pikin Big Pass Angels*

5 Na wish angel God tell sey, "Yu bi my pikin, today I don bikom yor
Papa?" Or as E tok for anoda place sey, "I go bi yor Papa and yu go bi
my pikin?" 6 But wen God won send en first-born enter dis world, E sey:
"Make all my angels woship am." 7 God tok about di angels sey, "I make
my angels and my savants spirit to dey burn like fire," 8 but koncerning
en pikin, E sey:
"Yu bi God!
Yor kingdom go dey forever and ever
and yu go rule yor pipol with authority.
9 Yu love to do good and yu hate wikedness.
So God, wey bi yor God don anoint yu with oil
wey dey bring joy and E make yu dey above yor mates."
10 E still tell di pikin sey:
"For di biginnin, na God kreate di eart
and na with en hand E take make di heavens.
11 Dem go skata, but God go dey forever.
All of dem go grow kon old like klot
12 and like klot and koat,
God go fold and shange dem,
but God nor dey shange and en life nor go ever end."

13 Na wish angel God tell, "Sidan for my rite hand until I go put all yor
enemies under yor leg?" 14 All di angels na savants and na dem God send
go prish for pipol wey go get salvashon.

# 2

*Korrect Salvashon*

1 Make wi listin to wetin wi don hear, so dat wi nor go fall komot from
di rite road. 2 Bikos di message wey God tok thru en angels, na trut and
anybody wey disobey di law, God go ponish am. 3 Wetin make us sey wi
go dey free if wi nor listin to dis korrect salvashon message? Na God first
tok am and pipol wey hear am kon show us sey na trut. 4 God use signs,
mirakles and wetin di Holy Spirit do, take show sey, dia words na true.

*Na Jesus Dey Save*

5 God nor sey make en angels kontrol di world wey dey kom and wey
wi dey tok about so. 6 Instead, David tok for God word sey:
"Wetin human being bi
 wey make yu dey kare for am
and who bi yor pikin
 wey yu dey kare for like dis?
7 Aldo yu make angels high pass am small.
 But yu kon gi-am honor and glory.
8 Yu don put evritin under am
 sey make e kontrol dem.
Wen God sey na evritin E put under am,
 E mean sey na evritin and nor-tin remain."
And naw, wi neva si all dis tins dey happen, 9 even doh wi si Jesus wey
angels big pass small, e nor too tey before God gi-am glory and honor,
bikos e sofa and die for evribody, just as God plan am. 10 Dis na true, bikos
na from am and thru am evritin take kom dis life, so dat salvashon go dey
korrect thru en sofa and e go karry many pipol enter en glory. 11 True-
true, Jesus make pipol dey holy, so en and di pipol wey e make holy, na
God kreate dem. Na dis make am nor dey shame to koll dem en brodas
and sistas. 12 Jesus tell God sey, "I go announce yor name among pipol
wey bilive and I go praiz yu for dia present. 13 Christ still sey, I go trust
my God; both mi and di shidren wey E give mi." 14 So as di shidren get
flesh and blood, en too get flesh and blood like dem, so dat thru deat, e go
fit distroy Satan wey get pawa to kill 15 and e go free pipol wey deat don
whole. 16 Jesus dey koncern about Abraham shidren and nor bi only di
angels. 17 So God make Christ like us wey bi en brodas and sistas. Like dis,
Christ go sorry for us kon bi awa good High Priest. And bikos Christ dey
koncern about God matter, e sakrifice ensef to remove awa sins. 18 Bikos
Jesus sofa and devil tempt am, e don get pawa to save pipol wey devil dey
tempt.

# 3

*Jesus And Moses*

1 My brodas and sistas wey God choose, make una tink about dis Jesus
wey God send kom and na-im bi di High Priest wey wi bilive. 2 E obey
God wey choose am as High Priest, just as Moses obey God. 3 Just as dem

dey praiz pesin wey build fine house, pass di house wey e build, na so too
Jesus glory betta pass Moses own well-well! 4 Na pesin build evry house,
but di pesin wey build evritin, na God. 5 True-true, Moses really obey God
as savant and e tok about some tins wey God go tok about leta. 6 But as
God Pikin, Jesus dey faithful for God house. So wi too go get share for di
house if wi bilive and get konfident for awa hope wey dey inside Christ.

### *God Word True Faith*

7 As di Holy Spirit tok:

"If una hear God vois today,
make una listin to am!
8 Make una nor get strong heart for am,
bikos na so Israel pipol do wen God test dem for wildaness.
9 Na for di wildaness una papa
for test and try mi for forty years,
even doh dem si di mirakles wey I do.
10 I vex well-well for dat generashon,
so I kon tell dem,
'Una heart nor dey with mi
and una nor gri obey wetin I tok.
11 So, una nor go ever get rest.' "

12 Make una make sure sey non of una get bad mind wey go make una
nor bilive, so dat una nor go turn against God wey nor dey die. 13 But
make una dey enkourage one anoda evriday, so dat non of una go get bad
mind, bikos of sin. 14 Bikos wi go bi Jesus Christ friend, if wi whole awa
faith strong go rish di end. 15 But as dem rite am, "I wish sey una go do
wetin e tok, so dat una nor go get strong heart like Israel pipol wen dem
dey wildaness." 16 Na who bi di pipol wey nor listin to God, even doh dem
hear en vois? Nor bi pipol wey Moses lead kom out from Egypt? 17 Na
who make God vex well-well for forty years? Nor bi doz sinnas wey dia
dead body skata for wildaness? 18 Na who God swear for sey, dem nor go
ever get rest, nor bi doz wey disobey am? 19 So for dat time, doz pipol nor
enter di land wey God promise dem, bikos dem nor bilive am.

# 4

### *God Promise Us Rest*

1 Even doh God promise us rest, e good make wi dey kareful, so dat some
among us nor go miss di promise. 2 Bikos dem prish God word give us, just
as dem prish am give dem too. But dem nor take am sirious, bikos wen
dem hear am, dem nor gri bilive am. 3 Na only wi wey bilive go fit enter
di place where God rest dey, bikos God sey, "I vex kon swear for dem, so
'Dem nor go ever enter my place where rest dey!' " 4 Wi know sey God
ready and dey wait, bikos Bible sey, "Afta God don kreate evritin finish, E
kon rest for di sevent day." 5 E still sey, "Dem nor go ever enter my place
where rest dey!" 6 God promise sey wi go enter di place where en rest
dey, yet doz wey first hear di message, nor enter, bikos dem disobey am.
7 But God don plan anoda time wen wi go enter en rest and dat time, "Na
today", bikos E don tok am for en word before thru David. 8 Bikos if to
sey Joshua give dem rest, God for nor tok about anoda day. 9 So, di really
"Sabat Day" rest, still dey kom for God pipol. 10 Bikos pesin wey enter God

rest, don rest from all en work, just as God rest from en own work too.
[11] So make wi try well-well, so dat wi go enter dat place where rest dey
and non of us go fall like di odas wey nor obey. [12] God word dey alive,
e get pawa and e sharp pass knife wey get two sharp side. Di word dey
divide pesin soul from en spirit and e dey divide bone from bone; bikos
God know wetin wi dey tink for awa mind. [13] Nor-tin wey God kreate fit
hide from am and evritin dey naked to God, bikos wi go must tell am how
wi live awa life.

*Na Jesus Bi Di High Priest*

[14] Jesus wey bi God Pikin, na-im bi awa High Priest wey don go heaven.
Make wi hold am tait and always dey bilive am. [15] Dis awa High Priest
undastand us wen wi dey weak, bikos all dis temptashon wey wi dey face
so, e face dem too, but e nor sin. [16] Make wi nor fear to enter where God
throne dey: di place where grace dey, so dat wi go get mesi and God grace
go help us wen wi nid help.

# 5

*God High Priest*

[1] Na God dey choose High Priest wey go ripresent pipol for en present.
Di priest dey offa both gift and sakrifice for dia sins. [2] Di High Priest fit
sorry for doz wey sin, bikos dem nor know wetin dem suppose know, since
en ensef dey sin too. [3] Bikos of dis, e dey offa sakrifice for en sin and di
pipol own. [4] Nobody dey fit bi High Priest with en pawa bikos e wont make
pipol honor am, but na only doz wey God koll to bi priest, just as E koll
Aaron. [5] Christ nor praiz ensef wen e bikom High Priest, but na God praiz
am wen E sey, "Yu bi my Pikin! Today, I don bikom yor Papa." [6] God still
sey, "Yu bi priest forever as Melkizedek bi." [7] Wen Jesus still dey dis eart,
e pray and kry to God wey go save am from deat. God hear en prayers,
bikos e obey God for evritin. [8] Even doh e bi God Pikin, na thru all di tins
wey e sofa, e take learn how to obey. [9] Wen God don make Christ pafet
finish, e kon save evribody wey obey am. [10] God make Christ to bi High
Priest like Melkizedek.

*Stay Inside Faith*

[11] Wi get many tins to tok about, but dem nor eazy to esplain, bikos una
nor dey gri obey. [12] E don tey wen una bi Christian, so by naw, una suppose
to dey tish odas. Instead, una still wont make pesin kom tish una di first
tin wey dey God word. Una still dey drink milk, instead of una to dey chop
solid food. [13] Anybody wey still dey drink milk, bi like small pikin wey nor
know good from bad. [14] But solid food na for mature pipol and dem get
betta sense to know wetin dey good and bad.

# 6

*Warnin For Christians*

[1] E don rish wen wi go stop to learn only di first tins wey Christ tell us,
so make wi dey grow kon know Christ more-more. Wi nor nid to still dey
tish una about tins wey dey kause deat; why wi must bilive God; [2] wetin
baptizim mean; to put hand for pipol head; to wake pipol from deat and
about God final judgement. [3] As God dey help us, na new-new tins wi

go dey tish una about di faith. 4 Wen pesin don first know di trut; taste
God gift from heaven; know di Holy Spirit; 5 don taste God good work and
di betta wey dey kom, 6 den e kon start to sin, dat pesin nor go fit turn
from sin kom meet God, since e don kill God Pikin for di sekond time and
disgrace am for publik. 7 Wen rain don soak groun and e bear betta fruits
for di farmer, dat mean sey God don bless di man. 8 But if na so-so shuku-
shuku and grass di groun dey bear, dat mean sey e dey yuzles. So God go
curse and distroy am with fire. 9 But as for una wey bi my friends, even
doh wi dey tok to una like dis, wi know sey dis tins nor go happen to una,
bikos una don undastand God salvashon. 10 God nor dey support pipol
anyhow. E go remember how una help en pipol before-before and how
una still dey help dem naw. Una bi God pipol and E nor go forget di love
wey una show en shidren. 11 As una still dey dis world, wi wont make una
kontinue to love one anoda, so dat wetin una dey hope for, go kom. 12 So
make any of una nor taya, but make una dey patient and bilive, so dat una
go gain God promise.

13 Nobody big pass God, bikos God swear with en name wen E promise
Abraham sey, 14 "Na mi bi Oga God, I go bless yu well-well and yor shidren
go plenty." 15 Bikos Abraham get patient, God kon gi-am wetin E promise
am. 16 Wen pipol won setol matter, dem dey swear with pesin wey big pass
dem and di agriment wey dem make, dey end di matter. 17 So wen God
won show en pipol sey E nor go break en promise, E kon swear with ensef.
18 God nor dey lie! So di promise wey E make and ensef wey E take swear,
na two tins wey nor go shange. Since wi don run go meet God make E
guide us, e good make awa mind strong, so dat wi nor go fear as wi bilive
en promise. 19 Dis hope strong for awa heart like ship wey dem tie make
e nor for move, bikos di hope wey wi get dey kamkpe and strong gidigba.
Di promise go take us pass di curtain for heaven, until wi rish where God
dey; 20 di place where Jesus don enter for us and don bikom High Priest
forever, just as Melkizedek bi.

# 7

*Melkizedek Na Priest*

1 Melkizedek wey bi "Salem king" and "God priest", na-im bless
Abraham, afta Abraham don win di kings for war. 2 So Abraham kon
gi-am one from evry ten tin wey e bring kom back from war. Melkizedek
mean, "King wey dey do wetin dey rite" and Salem mean, "Peace." 3 E nor
get papa or mama, e nor get story at-all, en days nor get where e for start
or where e go end, but e bi like Man Pikin and e bi priest forever. 4 But
si how e big rish, bikos Abraham (awa grand-grand papa wey evribody
know) gi-am one out of evry ten tins wey e bring from war. 5 Levi shidren
wey bi priests, get pawa akordin to di law, to kollect one out of evry ten
tins from dia own pipol, even doh di pipol demsef, na Abraham shidren
too. 6 But Melkizedek wey nor even rilate to Levi pipol, still kollect one
out of evry ten tins from Abraham, den e kon bless Abraham wey God don
promise. 7 True-true, wi know sey pesin wey bless pesin, na-im big pass di
pesin wey e bless. 8 Evry priests dey kollect one out of evry ten tins wey
pipol bring, but dem nor dey stay for di world forever, esept Melkizedek,
bikos God word tish us sey, e dey alive. 9 Levi shidren dey kollect one out of

evry ten tins from pipol, but naw, wi go fit sey, wen Abraham give one out
of evry ten to Melkizedek, Levi pay too, 10 bikos dat time wen Abraham
give one out of evry ten tins wey e bring from war to Melkizedek, dem
neva born Levi, but Levi dey inside am.

### *Jesus Na Priest As Melkizedek Bi*

11 Even doh Moses Law sey priest must kom from Levi family, dat kind
priest nor fit make pesin dey pafet. So anoda priest like Melkizedek must
kom and e nor bi like priest wey kom from Aaron family. 12 Since dem don
shange di rule to selet priest, di law must shange too. 13 Di pesin wey wi dey
tok about, na awa Oga God wey kom from di tribe where nobody don ever
serve as priest for altar before. 14 Evribody know sey na from Judah tribe,
Jesus from kom and Moses Law nor sey make priest kom from dat tribe.
15 Dis matter klear well-well afta God selet anoda priest like Melkizedek.
16 E nor selet dat pesin bikos of en grand-grand papa dem, but na bikos
en life nor go ever end. 17 God word sey: “Yu bi priest forever, just as
Melkizedek bi.” 18 Bikos of dis, God put di old law for korna, since e dey
weak and yuzles, 19 bikos di law nor fit make anytin dey pafet. But naw,
wi get betta hope wey go draw us near God. 20 God ensef make promise
wen E choose dis priest, wey bi Jesus. E nor make dis kind promise wen E
choose di oda priests, 21 but Jesus kon bi priest wen God sey, “I don swear
and I nor go shange my mind sey yu go bi priest forever.” 22 Bikos God
swear like dis, Jesus don make us dey sure of di new kovenant wey betta
pass. 23 Many priests don dey before and all of dem die, 24 but Jesus nor
go ever die. So, e go bi priest forever. 25 So, di pipol wey Jesus take go
meet God, e go save dem for forever and ever, bikos e dey alive to pray for
dem. 26 Na Jesus bi di High Priest wey wi nid. E nor dey do bad tin; e dey
holy; nor dey make mistake and e nor bi like wi, wey bi sinnas. God praiz
am pass evritin wey dey heaven 27 and e betta pass any oda high priests.
Jesus nor nid to offa sakrifice evriday, like di oda priests wey dey offa for
dia own sins and for di pipol own. Bikos na wons and for all e sakrifice
ensef for evribody, wen e die for di cross. 28 Moses Law choose human
being wey get weakness as High Priest, but God promise wey kom afta di
law, choose di pikin and na-im bi di korrect Priest forever.

## 8

### *Di Priest With New Kovenant*

1 Wetin I mean bi sey: Wi get High Priest wey sidan for God rite hand
side for heaven. 2 Na-im bi di priest wey dey di holy Temple wey God
build and na der dem for dey woship am. 3 Since all High Priest must offa
gifts and sakrifice to God, Christ too must offa sometin. 4 If to sey e dey
dis world, e nor for bi priest at-all, since na thru Moses Law dem take dey
choose priest wey go offa sakrifice. 5 Di priest work for di temple bi like
wetin dey happen for heaven. Bikos wen Moses dey one build God house,
God tell am: “Make sure sey evritin bi like di design wey I show yu on-top
di mountin.” 6 But Christ ministry big and betta pass dia own and na di
new kovenant (wey bi di new agriment) betta pass. Bikos na thru God
promise dis kovenant take kom, so Christ don bi di middo-man between
wi and God.

[7] If to sey di first kovenant good well-well, den wi nor for nid anoda
one. [8] But God si fault for inside, so E kon sey, "Di day wey I go make
new agriment with Israel and Judah house, dey kom. [9] E nor go bi like
di kovenant wey I make with dia grand-grand papa dem wen I take dem
komot from Egypt, bikos dem break dat kovenant and I kon turn against
dem." [10] But naw, "Dis na my new kovenant (wey bi di new agriment): Di
time dey kom wen I go put my laws for dia mout and rite am for dia heart.
I go bi dia God and dem go bi my pipol. [11] Dem nor nid to tish one anoda
about mi wey bi dia God, bikos all of dem, both small and big, go know
mi. [12] I go forgive dem for all di wiked tins wey dem don do and I nor go
remember dia sins again."
[13] Wen God tok about di new kovenant, E mean sey di first one nor
matter again. And anytin wey don old and nor get use again, go soon
disappear.

# 9

*God House For Heaven*
[1] Di first kovenant show how pipol go woship God for dis world. [2] Di
building get two rooms. Di first one where lantan-stand dey, "Na di Holy
Place." One tabol and di bread wey dem offa give God, dey der too. [3] Anoda
room wey dem rite, "Holy of Holies", dey for di curtain back. [4] Di gold altar
where dem dey burn incense and di Kovenant Box wey dem kover with
gold, dey der too. Di gold jug wey dem put manna, Aaron rod wey grow
leaf and di flat stone wey dem rite di law put, dey inside dis box. [5] God
angels wey kover di place where God dey show mesi and forgive sins, dey
on-top dis box. But dis nor bi di time for mi to esplain all dis tins give una.
[6] Wen all dis tins don ready, di priests dey enter di first room evriday go
do dia work. [7] But na only di High Priest dey enter di Holy Place wons
a year. For der, e go first offa blood for en sins, before e go offa for di
pipol own, bikos dem nor know wetin dem suppose to know. [8] Di Holy
Spirit kon esplain sey, "Di way to rish di Holy Place neva open as long as
di old tent still dey." [9] Dis na sign make wi for fit undastand sey: Di gifts
and sakrifice wey di priests dey offa for God pipol, nor fit make dia mind
klean. [10] To chop, drink and to do serimony take klean pesin body, na-im
koncern dem. All dis one na rule for dis world, until di time wen God go
bring di new law.

*Christ Work*
[11] So Christ don bi High Priest for di good tins wey don kom. E don enter
di Holy Place for heaven wey dey pafet. Nor bi human being make di place
and e nor dey among tins wey God kreate for dis world. [12] Na wons Jesus
enter di place wey holy pass. E nor enter with goat or ram blood, but na
with en own blood, so e don save us forever and ever. [13] If goat or ram
blood and ashes fit klean pesin akordin to di old tradishon, [14] wot of Christ
blood wey klean us from deat, so dat wi go fit woship God? Dis na di Christ
wey offa ensef to God as di rite sakrifice for awa sins and e do am with di
Holy Spirit pawa.
[15] Na dis make am bi middo-man for di new kovenant, so dat pipol wey e
koll go fit receive di propaty wey go dey forever. E promise us dis propaty,
wen e die to free us from di bad-bad tins wey wi don do wen di first

kovenant still dey. 16 Dis kind agriment bi like pesin will. Di pesin must
die first, before dem go fit use di will. 17 Bikos pesin will nor dey mean
anytin wen e still dey alive; e only dey yuzful wen di pesin don die. 18 Na
dis make di first kovenant nor get pawa to save pipol, unless dem sakrifice
blood. 19 Wen Moses read all di kommand give Israel pipol, e take goat and
ram blood with wota and soap, kon sprinkol di blood on-top di Law Book
and all di pipol body, den e sey, 20 "Na dis bi di blood for di kovenant
wey God kommand sey una must obey." 21 Moses still sprinkol di blood
for di tent and all di plate wey dem dey use take woship God. 22 True-
true, akordin to di law, na almost evritin blood dey make klean and if dem
neva pour blood, God nor go forgive dem dia sins. 23 Na dis make dem
dey klean di Holy Place for dis eart with animal blood, bikos e bi like di
one for heaven. But di tins wey dey for heaven, nid sakrifice wey betta
pass dat one. 24 Christ nor enter di Holy Place wey human being build like
di original building for heaven, but na heaven e enter and naw, e stand
for God present for awa sake. 25 Christ nor nid to offa ensef evry year like
di High Priests dey do for di temple with animal blood, 26 bikos if na so,
Christ for dey kom die for us evry year since di time wey God kreate di
world. But nor bi so! E die wons and for all, so dat awa sins go-go forever.
27 Bikos God sey, na only wons man go die and afta dat, judgement go kom,
28 na so too Christ die wons, as sakrifice to forgive pipol forever and naw,
e go bring salvashon to doz wey dey wait for am.

# 10

*Old And New Sakrifice*

1 Moses Law bi like shadow wey dey show good tins wey dey kom. Di
shadow nor bi di tins, bikos di sakrifice wey dem dey offa evry year nor
fit forgive pipol dia sins. 2 If pipol wey dey woship God don free from dia
sins, dem nor for dey offa sakrifice again. 3 Doz sakrifice dey remind pipol
of dia sins evry year, 4 since melu and goat blood nor fit really klean pesin
from all en sins. 5 So wen Christ one kom dis world, e tell God:
"Nor bi sakrifice and ofrin yu wont,
bikos yu don prepare my body as ofrin,
6 since yu nor like animal blood
as ofrin for sins again.
7 Den I sey, 'Na mi bi dis,
God na wetin yu wont I kom do,
just as yor word tok about mi for Moses Law.' "

8 Christ first sey, "Yu nor wont animal or sin ofrin, (even wen dem dey
offa am akordin to di law)." 9 Den e tok again sey, "Na mi bi dis, God na
wetin yu wont I kom do." So God remove di first sakrifice, so dat E go fit
bring di new one, wey bi Christ. 10 Bikos Jesus do wetin God wont, all of us
don dey holy thru di sakrifice wey e use en body make for us. 11 Before-
before, di priest dey serve evriday and dey offa di same sakrifice wey nor
fit remove sin. 12 But naw, Christ offa only one sakrifice for sin wons and
for all, den e kon go sidan for God rite hand, 13 where e dey wait until God
go put en enemies under en leg. 14 Na with one sakrifice e take klean pipol
from dia sins and dem don dey klean forever. 15 Di Holy Spirit dey bear

witness about dis tins sey, 16 “Dis na di kovenant wey I go make with una
and afta dat time, 17 e kon sey, ‘I nor go remember dia sins and sturbones
again.’ ” 18 Wen God don forgive sins, e get any nid to offa sakrifice again?

*Make Wi Near God*

19 So my brodas and sistas, wi bilive sey wi go enter God Holy Temple
thru Jesus Christ blood, 20 bikos e give us dis new life and e go take us
pass di curtain wey bi en body. 21 And wi get one High Priest wey dey
kare for God Temple. 22 So make wi draw near God with betta heart and
strong faith, bikos God don wosh awa heart and body with klean wota.
23 So make wi whole di hope wey wi get strong well-well, bikos God wey
promise us dey always keep en promise. 24 Make wi always dey tink of
how wi go enkourage, love and do good for one anoda. 25 Make wi nor
stop to dey meet and fellowship togeda, as some pipol dey do, but make wi
enkourage one anoda more-more, since wi know sey, “Di Day wen Christ
go kom,” don near.
26 If wi kontinue to sin afta God don show us di trut, e nor get any oda
sakrifice wey go fit forgive us awa sins again. 27 But wetin wi go dey fear
for na di Judgement Day wey dey kom and hell-fire wey go distroy doz
wey bi God enemies. 28 Wen two or three pipol bi witness sey somebody
rijet Moses Law, dem go kill-am without sey dem sorry for am. 29 If pipol
wey nor dey obey Man Pikin; dey take di kovenant blood make yeye and
dey curse di Spirit wey bring grace, na how dia own ponishment go big
rish? 30 Bikos God sey, “I go revensh, I go pay dem back” and en word
still sey, “God go judge en pipol.” 31 Na big wahala if pesin fall enter God
ponishment!
32 But make una remember how tins bi with una before, how una dey
sofa afta una don receive God lite, yet una nor allow di sofa shange una
mind. 33 Dat time, some pipol curse and sofa una and for oda times, una
dey help odas wey dey sofa like una too. 34 True-true, una sofa like oda
prisonas and una dey happy wen dem seize all una propaty, bikos una
know sey una get betta tin wey go last forever. 35 So make una always dey
strong, bikos una go get betta reward. 36 Una nid to dey patient, so dat
una go fit do wetin God wont and den, una go receive en promise. 37 Bikos
God word sey: “E nor go tey again before di Pesin wey dey plan to kom,
go kom. 38 My raitious pipol go live and bilive, but if anybody turn back, I
nor go dey happy with am.” 39 Wi nor dey among pipol wey go turn back
kon perish, but wi get faith wey go save us forever.

# 11

*Faith*

1 Faith na wen wi dey sure sey wetin wi dey hope for go happen and
wi sure sey, di tins wey wi neva si, go kom. 2 Na faith awa grand-grand
papa dem take do tins wey make God praiz dem. 3 Na thru faith wi take
undastand sey, God kreate evritin with en word. So di tins wey wi dey si
so, na God make dem from wetin dem nor dey si. 4 Na faith make Abel
give God sakrifice wey betta pass Kain own and na thru dis faith Abel take
know sey God asept en ofrin, bikos God really asept am. Even doh Abel
don die, en blood still dey tok for am, bikos of en faith. 5 Na faith nor
let Enoch die, but God karry am take and nobody si am. God word sey,

before God karry am, Enoch don make belle sweet God. 6 Nobody fit make
belle sweet God without faith, bikos anybody wey dey kom meet am, must
bilive sey, E dey alive and E dey reward pipol wey dey find am si. 7 Na
faith make Noah build ark afta God warn am about wetin go happen. E
obey wetin God tok and na di ark save en and en family. Na di same faith
Noah take kondemn di world, kon inherit di raitiousness wey dey kom.

8 Na faith make Abraham obey wen God koll am make e leave en house,
travel go anoda land wey God promise am, even doh e nor know where
e dey go. 9 Na faith make am stay as strenja for di land wey God promise
am. Na inside tent en, Isaak and Jakob wey go inherit di same promise,
stay. 10 Abraham do like dis, bikos e dey wait for di town wey God ensef
go build with strong foundashon. 11 Na faith make Abraham born, even
doh Sarah don too old to get belle and Abraham don old too, but e know
sey di Pesin wey promise am pikin, na Pesin wey e fit trust. 12 So from dis
one man wey en body don die finish, shidren wey plenty rish stars for sky
and san for wotaside kon full evriwhere. 13 All of dem faith still strong
wen dem die and dem nor get di tins wey God promise dem, but dem si
and welkom di tins from far and dem gri sey, dem diasef na strenja for
dis world. 14 Pipol wey tok like dis, show evribody sey dem dey espect
dia own kountry. 15 Infact, if to sey dem dey tink of di kountry where
dem from kom, dem for get mind to go back. 16 But as tins bi so, dem dey
espect kountry wey betta pass dia own and e dey kom from heaven. Naim
make God nor shame wen dem dey koll am dia God, bikos E don build
big town for dem. 17 Na faith make Abraham offa Isaak wen God dey test
am. Even doh na God gi-am di pikin, e still ready to give di only pikin
wey e get, back to God. 18 God tell am before sey, "True Isaak, yor family
go many well-well." 19 Dis na bikos Abraham bilive sey, even if Isaak die,
God go raiz am from deat and true-true Abraham really kollect Isaak back
from deat. 20 Na faith make Isaak bless Jakob and Esau about dia future.
21 Before Jakob die, na faith e take bless Josef shidren and woship God as
e rest on-top en walkin stik. 22 Wen Josef life don dey end, na faith e take
tok about di long travel wey Israel pipol go-go and e tell dem wetin dem
go do with en bones.

23 Na faith make Moses papa and mama hide am wen dem born am,
bikos dem si sey di pikin fine and dem nor fear to disobey wetin di king
kommand. 24 Wen Moses kon grow up, na faith make am nor gri make
dem koll am Fero dota pikin. 25 Instead of am to enjoy tins wey go make
am sin, e kon choose to sofa with God shidren. 26 E feel sey e betta make
dem laf am, bikos of di Mezaya wey dey kom, instead make e dey enjoy di
fine-fine tins for Egypt. E do like dis, bikos e put en eye for God reward.
27 Na di same faith make Moses komot from Egypt and e nor fear di king
vexnashon, bikos e get hope for God wey ordinary eye nor fit si. 28 Na faith
make Moses do di Passova and pour blood for pipol door-mot, so dat God
angel wey dey kill all di first-born for Egypt, nor go tosh dem. 29 Na faith
make Israel pipol cross di Red Sea like sey na dry land, but wen Egypt pipol
try am, di wota swallow all of dem. 30 Na faith make Jeriko wall fall afta
Israel pipol don mash round am for seven days. 31 Na faith make Rahab,
wey bi ashawo, eskape wen God distroy pipol wey nor obey am, bikos e
welkom di pipol wey kom spy.

32 Wetin I go tok again? I nor get time to tok about Gideon, Barak,
Samson, Jeftah, David, Samuel and di profets, 33 na faith dem take win
kingdoms; do wetin good for God eye; kon get di tins wey God promise
dem; klose lion mout; 34 kwensh fire wey dey burn well-well and eskape
wen dem won kill dem with swod. God turn dia weakness to pawa. Dem
strong well-well for war front and sojas from oda kountries, dey run from
dem. 35 Some wimen wey dia pipol don die, na faith make dem receive
dem back, alive. Some pipol rijet freedom kon die for sofa, so dat dem go
fit wake-up from deat and enter life wey betta pass dis one. 36 Pipol laf
some; flog some; shain some and put odas for prison. 37 Dem stone some;
use saw kut some into two; take swod kill some; some wear goat and sheep
skin dey hide waka and dem nor get anytin; dem sofa some and trit odas
anyhow. 38 (Dis world nor good rish for dem); dem just dey waka about
for wildaness, on-top mountins, inside rock and holes. 39 God praiz all of
dem for dia faith, yet dem nor still get wetin God promise. 40 Bikos God
plan sey, without us, dem nor go fit get di tins wey E promise dem.

# 12

*God Awa Papa*

1 Since wi get many witness wey surround us, e good make wi drop evry
load and sin wey dey make us fall, so dat wi go use awa mind live di life
wey God wont. 2 Make wi dey look Jesus Christ wey give us awa faith and
go help us keep am. Bikos of di joy wey Jesus dey espect, e sofa for cross
and nor mind di shame wey follow am. But naw, e don sidan for di rite
hand side for God throne. 3 If una dey tink how Jesus sofa for wiked pipol
hand and how dem hate am, una mind go strong for faith. 4 As una dey
struggol make una nor for sin, una struggol neva rish to kill una as Christ
die. 5 Abi una don forget di advise wey God tell una as en shidren?
“My pikin, make yu listin well-well
wen God dey korrect yu
and nor vex wen God ponish yu.
6 Bikos na di pesin wey God love,
na-im E dey korrect
and E dey ponish all di shidren
wey bi en own.”
7 So make una bear as una dey sofa, since e bi sey na una Papa dey
ponish una; dat one go show sey God dey trit una like en shidren. Abi e
get pikin wey en papa nor dey ponish? 8 But if God nor ponish yu as e dey
ponish all en shidren, dat mean sey yu nor bi betta pikin and yu nor get
papa. 9 If awa papa for eart ponish us and wi dey respet dem, e nor good
make God ponish us, so dat awa life go betta? 10 Awa papa dey ponish us
for dis world as e good for dia eye, but God dey ponish us for awa own
good, so dat wi go follow am share en holiness. 11 No ponishment dey
sweet pesin wen dem dey ponish am, bikos e dey pain. But di pesin wey
God ponish, go get life wey nor dey end. 12 So una hands and knees wey
don taya, make una make dem strong. 13 And make una waka for strait
road, so dat una leg wey don taya, go strong.

*Nor Rijet God Warnin*

[14] Make una try to live for peace with evribody and dey holy, bikos
anybody wey nor dey holy, nor go si God. [15] Make una make sure sey
nobody turn back from God grace and make nobody get bad belle and
kause trobol wey go make pipol sin. [16] Make una make sure sey nobody
dey do bad tins or nor dey fear God, just like Esau wey sell en rite as first-
born, bikos of food. [17] Una know how e try to get am back leta, but e nor
fit, even doh e beg and kry give en papa. [18] Una don rish Mount Sinai,
where God for tok to Israel pipol. For der, fire dey burn, darkness dey der
and storm and [19] trumpet kon dey make nois. Israel pipol hear God vois,
so dem beg am make E stop, [20] bikos dem nor fit bear en kommand wey
sey, "Make una kill any animal wey tosh di mountin." [21] Wetin happen dey
make pesin fear, so Moses kon sey, "I dey fear and dey shake." [22] Instead,
una don kom Mount Zion; di town where God dey stay; di Jerusalem for
heaven where tazon angels dey. Una don enter di assembly, [23] di place
where all di first-born gada and dis na di pipol wey God rite dia name for
heaven. Una don kom meet God wey go judge evribody and na-im dey
make pipol pafet. [24] Una don kom meet Jesus, di pesin wey God use take
start di new kovenant with en pipol and una don kom meet di blood wey
dem spray and dis blood dey tok betta word wey pass Abel own.

[25] Make sure sey una dey obey di Pesin wey dey tok to una! Bikos if
Israel pipol wey nor gri hear dia oga Moses word for eart nor eskape,
how wi go fit eskape, if wi nor gri hear di Pesin wey dey tok to us from
heaven? [26] For dat time, en vois dey shake di eart, but naw, E don promise
sey, "Nor bi only dis eart I go shake, but I go shake di heavens too." [27] Dis
mean sey di tins for eart go shake komot and na only di tins wey God nor
won shake, go remain. [28] Since wi don receive di kingdom wey dem nor fit
skata, make wi tank and woship God with respet and fear. Make wi gi-am
di kind woship wey go make belle sweet am. [29] Bikos awa God na big and
strong fire wey dey distroy tins.

# 13

*Last Word*

[1] Make una dey love each oda like Christian brodas and sistas. [2] Make
una always dey welkom strenja for una house, bikos like dis, some pipol
don welkom angel enter dia house and dem nor know. [3] Make una
remember doz wey dey prison, like sey unasef dey der with dem and
make una remember doz wey dey sofa, like sey una dey sofa like dem.
[4] Make evribody respet marriage: una must make sure sey una nor sleep
with who nor bi una husband or wife, bikos God go judge pipol wey dey
sleep with who dem nor marry and pipol wey don marry, wey dey sleep
with oda pipol. [5] Make una nor love money and make wetin una get rish
una, bikos God sey, "I nor go ever leave or abandon yu." [6] So make wi
get mind wey go make us fit sey, "Na God bi my helpa, so wi nor go fear.
Wetin human being go fit do us?" [7] Make una remember una leaders wey
tish una God word; make una tink about di kind life wey dem dey live,
den make una follow dia faith. [8] Jesus Christ na di same yestiday, today
and forever, e nor dey shange! [9] Make una nor let difren-difren prishin
wey una nor know turn una head. Una spiritual pawa dey kom from God
grace, nor bi from food wey dem sakrifice, bikos di sakrifice nor fit help

pipol wey dey do am. 10 Wi get altar where di workers for di Tabanako nor
fit chop from. 11 Di High Priest dey karry animal blood enter di Holy Place
as ofrin for sins, but di animal body, na outside di kamp dem for dey burn
am. 12 Derfor, Jesus take en own blood make sakrifice, so dat en pipol go
dey holy. So Jesus Christ sofa outside di kamp too. 13 Wi must go meet am
for outside di kamp kon share di shame with am. 14 Bikos for here, wi nor
get any town wey go last, but wi dey wait di town wey go kom. 15 True
Christ, make wi kontinue to dey give God praiz as awa sakrifice. So, make
wetin dey kom out from awa mout bi, “Na Jesus, bi Oga God.” 16 Make una
nor forget to do good and to share wetin una get with each oda, bikos doz
kind sakrifice, dey make belle sweet God.

17 Make una obey una leaders and do evritin wey dem tok, bikos na dem
dey kare for una soul and dem go ansa God wen E ask dem how dem do
dia work. Make una let dem do am with happiness, nor bi with komplain,
bikos una nor go get any betta tin from am. 18 Make una pray for us, bikos
wi dey sure sey awa mind klean and wi won live awa life for di korrect
way. 19 Abeg, make una pray well-well, so dat dem go free mi and I go fit
kom meet una soon.

### *Klosin Prayer*

20 God wey get peace, di Pesin wey use di everlastin kovenant blood
bring awa Oga God Jesus Christ kom back from deat; awa Oga God wey
dey look di sheep, 21 make E give una evritin wey una nid to do wetin E
wont. Anytin wey good for en eye, make E do am inside us thru Jesus
Christ. Make all glory bi Jesus Christ own forever and ever. Amen!

22 My brodas and sistas, I dey beg una, make una get patient and listin
to di advise wey dey dis my leta, bikos wetin I rite, nor long. 23 Make una
know sey dem don release awa broda Timoti from prison. If e kwik kom,
e go follow mi kom si una. 24 Make una greet all una leaders and all God
pipol. God pipol for Italy dey greet una. 25 Make God grace dey with all of
una.

# James
## Leta
## Introdushon

James wey bi one of Jesus brodas and wey kon bi leader for di church for Jerusalem naim rite dis leta. Pipol respet am bikos of di advise wey e give and for di wise decishon wey e help di bilivers make wen di church just dey start for Jerusalem (Acts 15:13-21). E rite di leta to enkourage bilivers wey dey suffer for evriwhere. E sey make dem tink of di joy wey go bi dia own, wen dem endure sufferin and dia patient go help dem ovakom temptashon. E sey na di wisdom wey kom from God bi di tin wey go help bilivers do wetin go make dem get real joy for dis life. James sey if pesin sey e get faith, but e nor use am well, di faith nor get pawa to help oda pipol. Good faith na di one wey dey help pipol wey nid help.

*I Salot*

1 Mi James, wey bi God and Jesus Christ savant, dey greet una wey bi di
twelf tribes wey dey for evriwhere for di world.

*Joy Inside Temptashon*

2 My brodas and sistas, make una dey happy wen una dey face
temptashon, 3 bikos una know sey, if una win di temptashon, una patient
go strong. 4 And make una let patient do en work, so dat una go dey pafet
and komplete, den una go gain evritin. 5 But if anybody nid wisdom, make
e ask God wey dey gi-am to evribody. E nor go sey, "No," but E go give yu.
6 Di pesin wey dey ask, must get faith and make en mind nor shake, bikos
anybody wey en mind dey shake, bi like river wey strong breeze dey blow
up-and-down. 7 Make dat pesin nor tink sey e go receive anytin from God,
8 bikos e get doubol mind and e nor dey stabol for anytin wey e dey do.
9 Any biliver wey poor, make e happy, bikos God don lift am up. 10 But
pesin wey get money, make e nor proud, bikos e go soon perish like flower
wey dey for bush. 11 As sun dey dry grass and flower and dia beauti dey
die forever, na so rish pesin go dry, as e dey porshu and love money. 12 Di
pesin wey fit bear wen problem kom meet am, make e happy, bikos e
don show sey en faith strong and e go get di crown wey get life, wey God
don promise sey E go give pipol wey love am. 13 Make nobody tok wen
temptashon kom meet am sey, "God dey test mi," bikos nor-tin fit tempt
God and God ensef, nor dey tempt anybody. 14 But temptashon dey kom
meet pesin wey get bad tins for mind. 15 Wen di bad tins wey e won do,
don mature, e go make am sin and wen sin don grow well-well, e go kause
deat. 16 My brodas and sistas, make nor-tin deceive una, 17 bikos evry
betta and pafet gift dey kom from God. E dey kom down from di Papa wey
kreate lite and E nor dey shange. 18 As God wont am, E kon born us with
di true message, so dat wi go bi first among all wetin E kreate.

*Do Wetin Di Message Tok*

19 My brodas and sistas, make una undastand dis tins: Make una dey
listin well-well and nor dey kwik tok or vex. 20 Human being vexnashon
nor dey make pipol live di life wey God wont. 21 So make una remove una

hand from evry dirty and wiked tins kon put una body down to asept God
word wey dem don plant inside una, bikos e get pawa to save una soul.
[22] Make una nor dey deceive unasef as una dey hear God word, but make
sure sey una dey do wetin en word tok. [23] Pesin wey hear God word and
e nor dey do wetin e tok, bi like pesin wey dey look en face for mirror.
[24] Wen di pesin look ensef finish kon komot go out, e go kwik-kwik forget
how en face bi. [25] But di pesin wey dey look God pafet law wey dey free
pipol; dey do wetin di word tok and e nor dey listin and forget, God go
bless am for evritin wey e dey do. [26] If anybody tink sey en dey follow
wetin wi dey tish and e nor fit kontrol en mout, dat pesin dey deceive
ensef and en relijon nor mean anytin. [27] But betta relijon wey nor get
stain for God eye, naim bi dis: to kare for shidren wey nor get papa and
mama and wimen wey dey sofa bikos dia husband don die. So, make una
keep unasef, so dat dis world nor go stain una.

# 2

### *Love Evribody*

[1] My brodas and sistas, since una get faith for awa Oga God Jesus Christ,
make una nor dey do parsha. [2] If pesin wear gold ring and fine klot enter
una church and poor pesin with dirty klot enter too [3] and una respet di
one wey wear fine klot, kon tell am, "Sidan for betta place," but una tell di
poor pesin, "Stand der," or "Sidan for groun." [4] Dat mean sey una dey do
parsha and kondemn pipol from una mind. [5] My brodas and sistas, make
una listin! God nor choose poor pipol for dis world sey, make dem rish for
faith and inherit di kingdom wey E promise sey E go give doz wey love
am? [6] But una nor dey respet poor pipol! Nor bi rish pipol dey opress and
drag una go kourt? [7] Or dem nor dey tok bad about Jesus name wey una
bilive? [8] But if una do wetin dem rite for God word, "Make yu love yor
neighbour as yu love yorsef," una don do good bi dat. [9] If una do parsha,
una dey kommit sin and di law don kondemn una as pipol wey nor dey
do wetin dey di law. [10] Di pesin wey dey do evritin wey dey di law and e
break one, don break all of dem bi dat. [11] Bikos di same God wey sey, "Nor
sleep with who yu nor marry," naim still sey, "Nor kill anybody." If yu nor
sleep with who yu nor marry, but yu kill pesin, yu don break di law bi dat.
[12] Make una tok and do like pipol wey dem go judge with di law wey go
free pipol. [13] Judgement nor get mesi for anybody wey nor dey mesi for
odas, bikos mesi betta pass judgement.

### *Faith And Work*

[14] My brodas and sistas, wetin dey good if pesin sey e get faith, but e
nor dey do anytin? Dat kind faith go fit save am? [15] If one broda or sista
nor get klot to wear or food to chop [16] and one pesin among una tell am,
"Make peace dey with yu; make kold nor katch yu and make yu go chop
beleful, but yu nor gi-am wetin di body wont, na wish kind good bi dat?"
[17] Na so faith bi too, if yor faith nor dey produce betta result, e go die and
dey yuzles. [18] If anybody sey, "I get faith and yu get work." I go sey, "Make
yu show mi yor faith wey nor get work and I go show yu my faith thru my
work." [19] Yu bilive sey na only one good God dey. Demons bilive so too
and fear dey katch dem well-well.

[20] Foolish man! Yu wont make I show yu sey faith wey nor get work dey
yuzles? [21] Wen awa papa Abraham put en pikin Isaak for di altar, wetin e
do dey good for God eye? [22] Yu nor si sey en faith and work dey togeda and
na en work make en faith pafet? [23] And wetin dem rite for God word kon
happen, "Abraham bilive wetin God tok and na dat one make am good for
God eye, so God kon koll am, en friend." [24] So, pesin work dey make am
good too, nor bi only en faith. [25] Nor bi so e bi for Rahab, wey bi ashawo,
wen e welkom di messenjas kon show dem anoda road wey dem go pass
run? [26] Body wey nor get spirit don die, na so too, faith wey nor get work,
don die.

# 3

*Di Pawa Wey Dey Awa Tongue*

[1] My brodas and sistas, evribody nor go fit bi tisha, bikos yu know sey
wi wey dey tish, na awa judgement go big pass, [2] bikos wi dey make many
mistake. If pesin nor dey make mistake for wetin e dey tok, dat mean sey
e dey pafet and e go fit kontrol en body. [3] If wi tie rope for horse mout
make e for obey us, dat mean sey wi dey kontrol en body. [4] Look ship for
wota: E big well-well and na strong breeze dey fit push am, but na one
small wheel di driver dey use take kontrol am. [5] Na so di tongue bi too:
naim small pass for di body, but di tins wey e fit do big well-well. Make
una tink how small fire fit burn big forest rish groun. [6] Di tongue na fire!
Na der bad tins full pass for pesin body. E dey spoil di whole body and
kause fire for pesin life and dis kind fire dey kom from hell.

[7] Human being dey fit kontrol bird, animal wey dey creep for groun and
animal wey dey stay for wota. [8] But nobody don ever fit kontrol en tongue
well. Di tongue na bad tin wey nor dey stay one place, bikos e get poizin
wey fit kill pesin. [9] Na di tongue wi take dey praiz awa Papa and Oga God
Jesus Christ and naim wi still dey use take curse pipol wey God kreate like
ensef. [10] My brodas and sistas, na di same tongue wi dey use take praiz
and curse pipol. But e nor suppose bi like dat. [11] Wota wey dey kom out
from groun, nor dey bring out fresh and bitter wota from di same place,
abi e dey do so? [12] My brodas and sistas, fig tree go fit bear olive, abi vine
fit bear fig? So too, wota wey dey kom out from groun and e taste like salt,
nor go fit taste like fresh wota at-all.

*Betta Wisdom*

[13] Who get sense among una? Di way di pesin dey bihave go show di
gentolness wey wisdom dey bring. [14] But if jealousy and sefishnes dey en
mind, make e nor boast and lie against di trut. [15] Dat kind wisdom nor kom
from God, but e kom from dis eart wey wiked well-well. [16] Bikos where
jealousy and long-trot dey, wahala and bad tins wey pipol dey do, dey der
too. [17] But God wisdom dey pure; e get peace; dey gentol; dey asept pipol
and good fruit and mesi full am; e nor dey do wayo or pritend. [18] Pipol
wey nor like trobol, dey plant fruit wey dey bring raitiousness.

# 4

*Pasion And Pride*

[1] Wetin dey make una kworel and fight? Nor bi di tins wey dey hongry
una to do? [2] Yu wont sometin, but yu nor get am; yu dey kill, dey wont
wetin oda pipol get and yu nor dey fit get am; so yu go kon dey kworel
and fight. Yu nor get, bikos yu nor ask God make E give yu. [3] Wen yu ask
for sometin, yu nor receive am, bikos yu nor ask well and yu won take am
do wetin yu like.

[4] Una wey dey do bad tins for dis world, una nor know sey to bi dis
world friend, mean sey una bi God enemy? So anybody wey gri sey en
and dis world na friend, don make ensef God enemy. [5] Abi yu tink sey
God nor mean wetin E tok wen E sey, "Di Spirit wey I put inside una dey
jealous well-well?" [6] But E give us plenty grace. Na dis make God word
sey, "God dey against pesin wey dey karry body up, but E dey give grace
to pipol wey dey put dia body down." [7] So, make yu give yorsef to God.
But rijet di devil and e go run komot from where yu dey. [8] Draw near God
and E go draw near yu. Una wey bi sina, make una wosh una hand and
una wey get doubol mind, make una heart dey klean. [9] Make una kry and
make sorrow dey una heart, den una go show sey una nor dey happy. [10] If
una put una body down for God, E go karry una go up.

[11] My brodas and sistas, make una nor tok bad about each oda. Anybody
wey tok bad or judge en broda or sista for Christ, e dey tok bad about di
law and e dey judge di law. But if una judge di law, den una nor dey obey
di law, but una don bikom di law judge bi dat. [12] Na only one Pesin give
di law and na-im bi judge. Na-im dey save and distroy. Yu wey dey judge
yor neighbour, na who yu even tink sey yu bi?

[13] Look, yu wey dey sey, "Today or tumoro, wi go-go dis or dat town go
stay der for one year and do business kon get gain," [14] but yu nor know
tumoro. Wetin yor life bi like? Yu bi like smoke wey dey kom out from
fire. Pipol go si am, den small time e go vanish. [15] Instead, yu suppose to
sey, "If God wont, wi go dey alive and wi go do dis or dat tin." [16] But as e
bi so, yu dey boast dey karry body up. All dat kind boastin nor good. [17] So
anybody wey know wetin good and e nor do am, don kommit sin bi dat.

# 5

*Rish Pipol*

[1] Yu wey get money, make yu listin! Cry make dem hear yor vois, bikos
of di bad tins wey go happen to yu. [2] Yor money don rotin and ants don
chop yor klot. [3] Yor gold and silva don rust, dia ashes go tok against yu
and chop yor flesh like fire. For di last days, yu don gada money and fine
tins for yorsef! [4] Si, di money wey yu nor gri pay di workers wey dey work
for yor farm, dey kry against yu and di pipol wey dey gada wetin yu plant,
dia kry don rish God ear. [5] Yu dey live life wey yu dey enjoy and yu dey
enjoy for dis eart. Yu don make yorsef fat, dey wait for di day wey dem go
kill yu. [6] Yu don kondemn and kill pipol wey nor do bad, bikos dem nor
fit stop yu.

*Patient For Sofa*

[7] My brodas and sistas, make una get patient till Christ go kom back.
Tink how farmer dey wait for wetin e plant until e grow kon bring food
wey dear and e dey wait with patient for am, until di first and di last rain

go fall put. 8 So, make una get patient too and make una heart strong, bikos
di time wen Christ go kom back, don near. 9 My brodas and sistas, make
una nor dey komplain about each oda, so dat dem nor go judge una, bikos
God wey bi di judge, stand near di gate. 10 Di profets wey God send kom
tok to una, make una use dem as ezample to bear sofa and get patient.
11 Make una tink of how wi dey look pipol wey get patient sey, God don
bless dem. Una hear how Job get patient and how God bless am leta. God
get mesi and E dey sorry for pesin well-well. 12 My brodas and sistas, make
una remember dis kommand pass oda ones; make una nor swear, weda
with heaven or eart or any oda tin. But make una let una "Yes" bi yes, and
una "No" bi know, so dat una nor go fall enter God judgement.

### *Prayer For Pipol Wey Nor Well*

13 If anybody dey sofa among una, make e pray. If anybody dey happy
among una, make e sing dey praiz God. 14 If anybody among una nor well,
make e koll di eldas for di church, make dem pray and use oil anoint am
for Jesus name. 15 Di prayer wey dem take faith pray go save di pesin
wey nor well and God go make am well. And if e kommit any sin, God go
forgi-am. 16 So make una konfess una sin to each oda. Make una pray for
each oda, so dat God go heal una. Di prayer wey pesin wey good for God
eye take all en mind pray, dey work well-well. 17 Elijah na human being
like us and e pray with all en mind make rain nor fall. True-true, for three
and half years, rain nor fall for dat place. 18 Den e pray again and di sky
kon bring rain and evritin wey dem plant, kon grow.

19 My brodas and sistas, if anybody among una waka komot from di trut
and pesin bring am kom back, 20 make yu know sey, di pesin wey bring yu
wey bi sina kom back from di bad way, don save yor soul from deat and
e don make Christ forgive yu all yor sins.

# Pita
## First Leta
## Introdushon

Apostle Pita dey among di twelf disciple wey Jesus choose and tish for di time wen e dey dis eart. Pita spend di final years for en life as leader for di church for Rome and e prish di good news for early 60AD. Wen Pita hear sey Christians dey sofa for some aria of Turkey: Pontus, Galatia, Kappadocia, Asia, and Bitynia (1 Pita 1:1), e kon rite to dem sey make dia faith for Jesus Christ nor shake at-all. Na Silas diliver Pita leta. Pita introduce Silas sey naim help am rite di leta.

*I Salot*

1 Na mi Pita wey bi Jesus Christ apostle rite dis leta to di strenjas for
Pontus, Galatia, Kappadocia, Asia aria and Bitynia wey God choose sey,
2 make dem dey holy thru en Spirit. Make una dey obey Christ for evritin
and en blood go klean una. Make grace and peace bi una own!

*Hope Wey God Dey Give*

3 Wi tank God wey bi awa Oga God Jesus Christ Papa, for di mesi wey E
dey show us. God give us new life thru Jesus Christ wey E wake from deat
and naim bi di Pesin wey give us hope. 4 Dem born us put for inheritance
wey nor dey spoil, dirty or fade. God keep di inheritance for heaven for us
5 and en pawa dey protet am thru faith and wi dey wait for di salvashon
wey go kom for di time wen di world go end. 6 Aldo una go sofa small,
but dis joy go bring happiness for una. 7 Dis kind sofa go show sey una
faith na really one. Gold wey go spoil one day, dem still dey test am for
fire, tok-less of una faith wey get value pass gold and e go bring praiz,
glory and honor wen Jesus Christ go kom. 8 Aldo una neva si am, but una
love am. Una nor dey si am naw, but una bilive am, una get happiness
and glory wey una nor go fit esplain. 9 Una still get wetin make una faith
strong and na dis bi di salvashon wey una soul get.
10 For dis salvashon matter, di profets wey tok before about di grace wey
go kom, try well-well weda dem fit know wetin e mean, but dem nor fit.
11 Dem one know di time and di pesin wey God Spirit dey tok about. God
don tok before about di sofa wey E sey Christ must sofa and di glory wey
e go get. 12 Dem show sey nor bi demsef dem dey work for, but na for una,
bikos una hear dis matter from di apostles thru di Holy Spirit pawa wey
kom from heaven. Even angels dey wish sey dem know dis tins.
13 So, make una always dey ready for akshon. Make una shine una eye
and put hope for di grace wey Jesus Christ go bring. 14 Like shidren wey
dey obey, make una stop di bad tins wey una dey do wen una neva know
di trut. 15 But for evritin wey una dey do, make una dey holy like di Pesin
wey koll una, 16 bikos God word sey, "Make una dey holy, bikos I dey holy."
17 Since una dey koll God wey dey judge evribody akordin to wetin e do,
"Papa", make una live una life with respet for am. 18 Una know sey, God
free una from di empty life wey una kollect from una grand-grand papa
dem and E nor buy una with sometin wey fit spoil like silva or gold, 19 but
na with Christ blood and na dis Christ bi God lamb wey nor get any mark

or stain. [20] God choose am before E kreate dis world, but na for dis last
days E show am to una. [21] True am, una bilive God wey raiz am from deat
kon gi-am glory. So, una faith and hope dey for God hand.
[22] Una don klean una soul with di trut wey una dey obey and as brodas
and sistas, make una love each oda well-well. [23] God nor save una with
human being body wey fit die, but na thru en word wey get life and dey
forever.
[24] Human being bi like grass
and wetin make am fine,
bi like flower;
di grass go dry and di flower go die,
[25] but God word go last forever.
And na dis word bi di Good News wey dem prish give una.

# 2

*Stone Wey Dey Alive*

[1] Make una stop to do bad tin; dey deceive pipol, pritend; dey jealous
and tok bad about pipol. [2] But make una dey hongry for spiritual milk like
pikin wey dem just born, so dat una faith go strong well-well [3] and una go
know how God salvashon good rish.
[4] Una don kom meet Christ, wey bi di stone wey dey alive. Pipol rijet
am, but God choose am and e dey important for God eye. [5] So unasef too,
don bi stone wey dey alive and God dey build una as en spiritual house, so
dat una go bi priest wey dey holy and una go offa spiritual sakrifice wey
E go asept thru Jesus Christ. [6] God word sey, "Naw, I don lay one stone
for Zion; di main stone wey I choose; no money fit buy am and anybody
wey bilive am, nor go shame." [7] So, una wey bilive don know en value,
but for di pipol and builders wey nor bilive, dat Stone don kon bi di main
stone. [8] Na-im bi di rock wey dey fall pipol, bikos dem nor fit jump am
pass. As dem nor bilive God word, dem bigin fall, bikos na so E plan sey e
go bi. [9] But God don choose una to bi en priest and holy pipol, so dat una
go prish di Good News, bikos E koll una from darkness kon enter en brite
lite. [10] Before-before, una nor bi God pipol, but naw, una don bi en pipol.
Dat time, God nor get mesi for una, but naw, una don get en mesi.
[11] My friends, I dey beg una, since una bi strenjas for dis world, make
una nor follow di tins wey pipol like to do, bikos dem dey distroy pesin
soul. [12] So make una dey live well among pipol wey nor bi Christian, so
dat wen dem sey una do bad, dem go si di good tins wey una dey do and
dem go praiz God wen E won judge di world.

*Obey Authority*

[13] Make una dey obey una leaders bikos of Christ. Weda dem bi kings
wey get pawa [14] or govnors wey God choose sey, make dem ponish pipol
wey do bad and praiz doz wey do good. [15] Bikos God wont sey, wetin una
dey do, go make di pipol wey nor get sense shut up dia mout. [16] Make una
live as free pipol and nor use una freedom as eskuse to do bad tins, but
make una use am well as God savant. [17] Make una respet evribody. Love
dis awa family wey bilive Christ. Make una fear God and respet di king.
[18] Una wey bi slave, make una dey obey una oga, both di ones wey good
or gentol and doz wey nor good. [19] If anybody bear pain bikos of God and

dey sofa for wetin e nor do, God go favor am. [20] But why pipol go praiz yu
wen dem ponish yu bikos of wetin yu do and yu bear-am? But if yu sofa
bikos yu do good, God go favor yu, [21] bikos na wetin E koll yu to do, bi dat.
Christ sofa as ezample wey una go follow [22] and e nor kommit any sin or
lie. [23] Wen dem curse am, e nor ansa back; wen e sofa, e nor treaten sey
e go pay dem back, but e put ensef for God hand wey nor dey judge kase
with parsha. [24] E karry awa sin for cross, so dat wi go stop to sin and dey
do good for God eye. "Na di wound wey dem wound am, naim make us
well." [25] Before-before, una waka komot for di rite road like sheep wey
lost, but naw, una don turn back go meet di Shepad and Pesin wey dey
guide una soul.

# 3

*Husband And Wife*

[1] Make una wey bi wife, dey obey una husband. Even doh dem nor dey
do wetin dem rite for God word, di way una dey bihave, fit make dem
shange, [2] wen dem si una good karata and how una life pure rish. [3] Make
una beauti nor bi di one wey pipol dey only si like: to dey plait hair; dey
wear gold or fine klot. [4] Instead make e show sey Christ dey inside una
and una don get gentol and kwayet spirit wey God go value. [5] Di wimen
for olden days dey holy, bikos dem put dia hope for God hand and dem
respet dia husband. [6] As Sarah obey Abraham kon koll am, "My oga," una
go bi God pikin, if una dey do wetin good. [7] Husbands, make una dey trit
una wife with soft hand, bikos una know sey dem nor strong rish una;
make una respet dem as pipol wey get God grace and life. If una dey do
like dis, nor-tin go block una prayers.

*Sofa Bikos yu Do Good*

[8] So, make una live for peace togeda, dey sorry for each oda; love one
anoda and nor dey karry body up. [9] Make una nor take bad pay di bad
wey pesin do una, instead, make una bless odas, bikos God koll una to
bless pipol. [10] God word sey:

Anybody wey won enjoy good life,
must kontrol en mout;
make e nor dey tok bad-bad tins or lie.
[11] E must turn from di wikedness wey e dey do,
kon start to do good
and make e live for peace with evribody.
[12] God dey si di pipol wey dey do good
and en ear dey open to hear dia prayers.
But E dey against pipol wey dey do bad.

[13] Who go fit do yu bad tin, if yu dey do good? [14] But if yu sofa bikos
yu dey do good, make yu nor fear doz wiked pipol, bikos God don bless
yu bi dat. [15] For una heart, make una make Christ una Oga God and make
una ready to ansa anybody wey ask una about di hope wey una get. [16] But
make una do am with gentolness and respet, dey make sure sey una mind
klean, so dat pipol wey dey tok bad about di good tins wey una dey do for
Christ, go shame for di bad wey dem dey tok. [17] E betta to sofa for wetin
good, dan for bad one if na so God wont am.
[18] Bikos of sin, Christ sofa.

En wey nor do bad,
sofa for doz wey do bad,
so dat e go karry us go meet God.
And wen dem kill-am,
e wake-up as spirit.
19 As spirit, e kon go prish
give wiked pipol spirits wey dey prison,
20 bikos dem nor do wetin God tok. God get patient for dem wen Noah dey
build di ark, but na only di eight pipol wey dey inside di ark save from
di wota. 21 Dis show how baptizim go save us, nor bi just to wosh dirty
komot for pesin body, but na to show sey wi get good mind for God thru di
way wey Jesus Christ take raiz-up 22 go heaven kon go sidan for God rite
hand, where e dey rule di angels and doz wey get pawa.

# 4

*Betta Life*

1 Since Christ don sofa for us, make wi do like am, bikos di pesin wey sofa
for us nor get anytin to do with sin again, 2 bikos e don do wetin God wont
and nor bi wetin pipol wont. 3 Di time wey una dey bihave like unbilivers,
don pass. Dat time una live bad life; dey do bad tins; dey drink; dey do
anyhow and serve juju. 4 Naw, doz unbilivers dey sopraiz and curse una,
bikos una nor dey follow dem do bad and wiked tins again. 5 For di day
wen Christ go judge pipol wey dey alive and doz wey don die, e go ponish
dem. 6 Na dis make Christ prish di gospel for doz wey don die, so dat even
doh e go judge dem as human being, dem go live forever as spirit thru
God judgement.

*Work, Sofa And Judgement*

7 Di time wen evritin go end don near. So make una dey kontrol unasef
and shine una eye wen una dey pray. 8 As una dey do so, make una love for
each oda dey strong, bikos love dey kover plenty sins. 9 Make una welkom
pipol for una house without komplain. 10 God don give evribody en own
gift, so make una use di gift take help each oda as good savant wey get God
grace. 11 Pesin wey dey prish; make e prish God word well. Pesin wey dey
help odas, make e do am with di pawa wey God gi-am, so dat for evritin,
God go get glory thru Jesus Christ. Make all glory and pawa bi Christ own
forever and ever. Amen!
12 My friends, make una nor sopraiz sey una dey pass thru trobol like
pesin wey fire dey burn, bikos tins wey go make una fear, go must happen.
13 Instead, make una dey happy as una dey sofa for Christ, so dat wen God
go show una en glory, belle go sweet una. 14 If dem curse una bikos of
Christ, God don bless una bi dat, bikos God Spirit wey get glory, rest on-
top una life. 15 But make anybody among una nor sofa, bikos e kill, tif or
curse trobol. 16 But if yu sofa bikos yu bi Christian, make yu nor shame,
but dey praiz God, bikos yu dey ansa Jesus name. 17 Di time for judgement
don rish and e go start with God pipol. And if e start with us, wetin go
happen to pipol wey nor dey obey God? 18 If e go hard for God pipol to
dey save, den e nor go eazy for doz wey nor dey fear God. 19 So if yu dey
sofa as God wont am, make yu trust God wey kreate yu and E nor go ever
fail yu.

# 5

*God Pipol And Dia Leaders*

1 Mi wey bi una fellow elder, wey si how Christ sofa and go share for
God glory wey go soon kom, dey beg di eldas among una sey: 2 Make una
kare for di sheep wey God give una whole, just as shepad dey kare for
dia sheep. Make e nor bi like sey dem force una do am, but na as God
wont am. Una nor dey do am bikos of money, but na bikos una won do
am. 3 And make una nor dey opress God pipol wey dey under una, instead
make una bi ezample to dem. 4 So wen di big shepad, Jesus Christ go kom,
e go give una crown wey en glory nor go ever fade.
5 For di same way, make una wey yong put body down for di eldas. Make
una nor dey karry body up for each oda, bikos God dey oppoz proud pipol,
but E dey favor doz wey dey honbol. 6 Make una put una body for groun
bikos of God and wen di rite time rish, E go karry una up. 7 Make una
karry all una trobol give God, bikos E kare for una. 8 Make una shine una
eye well-well, bikos devil wey bi una enemy, bi like hongry lion wey dey
shaut and dey find who e go chop. 9 Make una nor gi-am shance, but make
una faith strong, bikos una know sey na di same tin una brodas and sistas
for evriwhere for dis world, dey sofa. 10 Afta una don sofa small, God wey
koll una with en grace enter en glory for Christ, go make una komplete,
una leg go strong and una go get pawa. 11 Make all pawa bi God own
forever and ever. Amen!
12 I tell my dear broda Silas sey, make e help mi rite dis small leta, so
dat una heart go strong and make e tell una sey, all wetin dey happen to
una, na as God wont am. So make una stand strong with en pawa. 13 God
pipol for di church wey dey Babilon dey greet una and Mark, my pikin,
dey greet una too. 14 Make una salot each oda with Jesus Christ love. Make
peace dey with all of una wey dey inside Christ.

# Pita
## Sekond Leta
## Introdushon

Around 65AD, Emperor Nero arrest Apostle Pita kon put am for prison for Rome. Pita kon feel sey dem go kill-am and since e si evritin wey hapun to Jesus Christ, e kon rite anoda leta to di bilivers wey e rite to before and e remind dem sey na Jesus tish dem by ensef. False tishas don dey tell di bilivers sey since Jesus neva still kom back, make dem just know sey e nor go kom back again. So dem kon dey live yeye life and na dis Pita hear, wey make am rite sey e ensef si Jesus glory and pawa on-top di holy mountin (Mark 9:2-13) and evribody go si dis glory wen Jesus kom back.

*I Salot*

1 Na mi Pita wey bi Jesus Christ savant and apostle, rite dis leta to di
pipol wey get di same faith wey wi get. God give una dis faith, bikos of en
raitiousness wey kom thru awa Oga God and Savior, Jesus Christ. 2 Make
God give una betta peace and grace as una dey grow for en word and
inside Jesus, wey bi awa Oga God!

*Salvashon Wey Bilivers Get*

3 I pray make God pawa give us evritin wey wi nid, so dat wi go fit live di
kind life wey E wont, as wi don know di trut about Jesus wey koll us with
en glory and goodness. 4 Like dis too, wi don get betta promise and bikos
of dat, wi go get God karata wey go free us from di bad tins wey dey for dis
world. 5 So, make una try to make una faith strong and know God word.
As una dey know God word more-more, 6 una go fit kontrol unasef; get
patient; dey live holy life 7 and love una brodas and sistas without parsha.
8 Bikos if una really get dis tins, dem go dey grow inside una, so una nor
go dey yuzles, but una go bear good fruits as una dey try to know Christ
more-more. 9 But di pesin wey nor get dis tins, dey blind. Dis show sey,
e nor dey si far and e don forget sey God don forgi-am en sins. 10 So my
brodas and sistas, make una do evritin to show sey, God koll and choose
una. As una dey do so, una nor go ever fall inside sin. 11 Di door to enter
awa Oga God and Savior Jesus Christ kingdom, wey nor go ever end, go
open wide for una.

*Salvashon For God Word*

12 I go dey remind una dis tins evritime, even doh I know sey una know
dem and naw, una leg don strong for di trut wey una bilive. 13 As long as I
dey, I look am sey e good make I dey remind una, 14 as I know sey di time
wey I go die don near, bikos awa Oga God Jesus Christ don show mi. 15 I
go try do evritin wey I fit do, so dat afta I don go, una go fit tok about dis
tins.

16 Bikos, wi nor use awa brain take tell una lie-lie story about Christ
pawa and how E go kom back. 17 God gi-am honor and glory wen di vois
sey, "Dis na my Pikin wey I love and e dey make belle sweet mi." 18 Wen
dis vois tok from heaven, wi awasef hear am, bikos wi dey with am on-top
di mountin. 19 Afta dat one, wi bilive wetin di profets prish. Una go do

well if una hear and follow di lite wey dey shine for darkness and wen
day break, di star wey dey kom for morning, go shine for una heart. [20] Di
one wey important pass bi sey, una know dis tins: e nor get anytin wey di
profets tok for God word wey just kom out from dia own mind, [21] bikos
know profesy don ever kom out from human being mind. Instead, na di
Holy Spirit dey kontrol di pipol wey dey tok God word.

# 2

*Fake Tishas*

[1] As fake profets dey among di pipol before, na so fake tishas go dey
among una too. Dis fake tishas go tish lie-lie tins wey fit distroy pesin
and dem go sey dem nor know di Masta. Like dis, dem go distroy demsef.
[2] Many pipol go follow dem live dia yeye life. Bikos of dis fake tishas, pipol
go tok bad about di trut, [3] and dis tishas go deceive una with dia wayo.
God don kondemn dem tey-tey and Christ wey go distroy dem, nor dey
sleep. [4] God nor sorry for di angels wey sin, E trow dem for hell and tie
dem for darkness until di day wen E go judge di world. [5] God nor sorry
for di world wey dey before and E distroy am with wota, but save Noah
wey prish make pipol do wetin good for God eye and di seven pipol wey
dey with am. [6] E still turn Sodom and Gomorrah to ashes wen E distroy
dem, den E use dem as ezample for di pipol wey dey live bad life, [7] but
E save Lot wey nor like wiked pipol life, [8] (bikos di time wey Lot dey dat
town, e vex for di bad tins wey di pipol dey do). [9] If God do all dis tins,
den E know how to save en pipol from trobol kon tie wiked pipol keep, so
dat E go ponish dem wen E go judge di world. [10] Dis na di pipol wey dey
do wetin dia body wont and dem nor dey respet pipol wey get authority.

Dem nor dey fear; dem dey karry body up; dey tok bad about tins wey
God kreate for heaven, [11] even angels wey get pawa pass dem, nor dey
tok about dis tins for God present. [12] But dis men bi like animal wey nor
dey tink; animals wey pipol fit kill anyhow and dem just dey do as dem
like. Dis pipol dey tok anyhow and na distroshon go end dia life. [13] Dem
go sofa for dis tins wey dem dey do, bikos dem feel sey dem fit do anytin
wey dia body wont for day time and wen ever dem follow una chop, dem
dey kause trobol among una. [14] Wetin dem like pass, na to sleep with who
dem nor marry; dem nor dey taya to sin and dem dey draw doz wey dia
faith nor strong, follow body. Dem don train dia mind to get long-trot and
God don curse dem. [15] Since dem komot from di rite way, dem don miss
road, bikos dem dey follow Balaam, Beor pikin, wey love bad tins! [16] As
God dey korrect Balaam for en sin (donkey wey nor suppose tok kon tok
to di profet, so dat e go stop di bad tins wey e dey do).

[17] Dis pipol bi like river wey nor get wota, dem bi like kloud wey breeze
dey blow anyhow and na dem God dey keep di place wey dark pass, dey
wait. [18] Dem dey use dia big-big grammar wey nor mean anytin, take
deceive pipol wey just dey won komot hand for bad tins. [19] Even doh dis
fake tishas dey promise dis pipol sey, dem go dey free, di fake tisha na
slave dem bi to sin. Bikos pesin na slave to anytin wey masta am. [20] Afta
dem don free from sin thru awa Oga God and Savior Jesus Christ and dem
kon let sin masta dem again, dia kondishon for di end, go worse pass as e
bi before. [21] Bikos e for betta sey, dem nor know God at-all, dan sey afta

dem don know am, dem kon turn back from di kommandment wey God
give dem. [22] Na dem bi ezample for dis word wey pipol tok, "Dog dey go
back go chop en vomit," and "Pig wey dem don wosh en body, go still go
liedan for portor-portor."

# 3

*Christ Go Soon Kom*

[1] My friends, dis na di sekond leta wey I dey rite to una, so dat una go
dey tink about di tins wey I tell una. [2] I wont make una remember all di
word wey di profets tok before and di kommandment wey awa Oga God
and Savior give us thru di apostles. [3] Afta dis, make una undastand sey:
for di last days, yeye pipol go kom and dem go dey do bad tins wey dey
hongry dem. [4] Dem go sey, "I tink sey Jesus promise sey E go kom back?
Awa grand-grand papa dem don die since, but evritin still bi as dem bi
since God kreate di world." [5] Dem don forget sey, na with word God take
kreate di heaven before E kreate di eart from wota and na with wota, E
take make dis world. [6] And na with di same wota, E take distroy di eart
wey dey before. [7] Na di same word God take keep dis heaven and eart
dey wait for fire wey go kom. E keep dem dey wait Judgement day. Di day
wen E go distroy di pipol wey nor dey fear am.

[8] Naw, my friends, make una nor let dis tin pass una, bikos one day bi
like 1,000 years for God eye and 1,000 years bi like one day. [9] Nor bi sey
God nor fit do wetin E promise as some pipol dey tink, but E dey patient
dey wait for una, bikos E nor wont make anybody die trowey, but E wont
make evribody turn from sin kom meet am. [10] Di day wen God go kom,
go bi like wen tif dey kom for nite. Wen E kom, di heaven go disappear
with loud nois and di stars for up go melt, di whole eart and evritin wey
dey inside, go vanish. [11] Since evritin go melt like dis, wish kind pipol wi
suppose to bi? E good make wi dey live awa life for holiness and dey do
wetin God wont. [12] Since wi dey wait for di day wey Christ go kom, make
wi dey do wetin wi fit do to make Christ kwik kom. Bikos for dat day,
evritin wey dey for heaven go burn kon skata and di stars, go melt. [13] But
as God promise, wi dey wait for di new heaven and eart, di place where
raitiousness dey.

*Di Pipol Wey Get Faith*

[14] So, my friends, as una dey wait for dis tins, make una do wetin una
fit do, so dat una go get peace and una go dey without stain or fault wen
una go enter en kingdom. [15] God dey wait with patient, so dat una go turn
from sin kom meet am, just as awa broda Paul rite give una akordin to di
wisdom wey God gi-am. [16] E tok about dis tins for all en letas. Aldo some
tins for di leta dey hard to undastand and doz wey nor know di trut or
dey stabol, don turn dem to wetin go kill dem. Na so dem take distroy all
di oda part for God word too. [17] So, my friends, as una don know wetin go
happen, make una shine una eye, so dat una nor go miss di way and fall
from di trut wey una get, bikos na so pipol wey nor sirious, dey do. [18] But
make una grow inside di grace wey awa Oga God and Savior, Jesus Christ
give una, so dat una go know am more-more. Make glory bi en own, naw
and forever! Amen.

# John
## First Leta
## Introdushon

Apostle John, wey bi one for Jesus Christ disciple and wey rite John gospel, rite three letas to difren pipol. E rite di first one to bilivers for evriwhere wey dey esperience difren kinds of wahala. Some of dem don abandon dia faith in Jesus and kon dey follow bad tishings wey deny sey na Jesus Christ bi di Messiah (4:2-3). Di false tishas kon dey tish sey Jesus Christ neva kom for dis world as humanbin, so di bilive sey Jesus Christ na God pikin wey get pawa to save humanbin from sin, nor bi true. John kon warn dem about dis false tishing and enkourage dem to live in love as pipol wey know Christ.

1 Di tin wey dey from di biginnin, wey wi don hear and si with awa eye;
wey awa hand don tosh (tins wey koncern di word wey dey give life 2 and
dis life kom out and wi don si am. Na dis tins wi dey tok about. Wi dey
tell una about di life wey nor dey end, wey dey with di Papa for heaven
and E don show am to us. 3 Na wetin wi don si and hear, wi dey tell una,
so dat una go fit bi awa friend, just as wi bi friend with di Papa and en
Pikin.) 4 Na dis make us dey rite dis leta, so dat awa joy go full well-well.

### *Waka For Lite*

5 Na di message wey wi hear from am, naim wi dey tell una so: Na God
bi lite and darkness nor dey inside am at-all. 6 If wi sey wi bi en friend
and wi still dey inside darkness, wi dey lie and trut nor dey awa mout.
7 But if wi dey inside di lite as en ensef dey inside lite, all of us go bi en
friend and Jesus wey bi en pikin, go use en blood take wosh all awa sins
komot. 8 If wi sey wi nor get sin, wi dey deceive awasef and di trut nor
dey inside us. 9 But if wi konfess awa sin to am, e go forgive us kon wosh
evritin wey nor good for God eye komot from awa life, bikos Christ dey
always do wetin e sey e go do, since e dey raitious. 10 If wi sey wi nor dey
sin, dat mean sey, God dey lie and di trut nor dey inside us.

# 2

### *Na Christ Dey Tok For Us*

1 (My shidren, I dey rite about dis matter, so dat una nor go dey sin.)
But if anybody sin, wi get pesin wey dey beg di Papa for us, dat pesin, na
Jesus Christ wey dey raitious 2 and na en ensef bi di sakrifice wey God nid
to forgive us awa sins. Nor bi only awa sin, but di sin wey di whole world
dey kommit.
3 Wen wi do wetin God sey make wi do, den wi go dey sure sey wi know
am. 4 Di pesin wey sey, "I know God" and e nor dey do wetin God tok, dat
pesin dey lie and di trut nor dey inside am. 5 But anybody wey do wetin
dem rite for God word, true-true, God word really dey inside am. Na dis
go make us know sey wi dey inside God. 6 Di pesin wey sey en with God
dey togeda forever, dat pesin suppose live en life as Christ live en own.

7 Una wey bi my friends, I nor dey rite new kommandment give una,
na di old one wey una get from di biginnin, I still dey rite and una don
hear dem before. 8 But dis new kommandment wey I dey rite give una so,
naim bi di trut wey dey show inside Christ and inside una, bikos darkness
don pass and di real lite don dey shine. 9 Pesin wey sey e dey inside di
lite, but e still hate en broda or sista for Christ, dat pesin still dey inside
darkness. 10 Pesin wey love en broda or sista for Christ, dey live inside
di lite and nor-tin go make am fall. 11 But di one wey hate en broda or
sista for Christ, dey for darkness and e nor know where e dey go, bikos
darkness don blind en eye.

12 My shidren, I dey rite give una sey God don forgive una sins, bikos of
Jesus name. 13 I dey rite give una wey bi papa, bikos una know di pesin
wey dey alive since God kreate di world. I dey rite give una wey bi yong
pipol, bikos una don win Satan. 14 I don rite give una, my shidren, bikos
una don know God. I don rite give una wey bi papa, bikos una don know
di pesin wey dey alive since God kreate di world. I don rite give una yong
pipol, bikos una dey strong and God word dey inside una, as una don win
Satan.

15 Make una nor love dis world or di tins wey dey inside am. If anybody
love dis world, di Papa love nor dey inside am, 16 bikos evritin wey dey
inside di world (tins wey human being body wont; tins wey dey hongry
pesin to get and to dey karry body up), nor kom from di Papa, but na dis
world dem from kom. 17 And dis world don dey fade with di tins wey pipol
wont, but di pesin wey dey do wetin God wont, go dey forever.

### *Warnin About Anti-Christ*

18 My shidren, di world don dey end and just as una hear sey, anti-Christ
dey kom, make una know sey many anti-Christ don already kom. And dis
show us sey di world go soon end. 19 Na from us dis pipol from komot,
but dem nor really dey God family before, bikos if to sey dem dey, dem
for stay with us. But dem live us, so dat evribody go know sey dem nor bi
awa own.

20 But di pesin wey dey holy, don anoint una and all of una know sey
na true. 21 I nor rite give una, bikos una nor know di trut, but na bikos
una know Christ and di trut dey stay inside am. 22 Na who dey lie? Na di
pesin wey sey Jesus nor bi di Mezaya! Di pesin wey rijet di Papa and en
Pikin, na Christ enemy. 23 Anybody wey rijet di Pikin, nor get di Papa. But
if pesin asept di Pikin, e don asept di Papa too.

24 As for una, wetin una don hear from di biginnin, make una let am
stay inside una. If wetin una hear from di biginnin stay inside una, una
go stay inside di Pikin and en Papa. 25 Dis na di promise wey Christ ensef
promise us sey, di life wey e go give, nor go ever end. 26 Na dis tins I dey
rite give una about pipol wey dey try to deceive una.

27 As for una, di Holy Spirit wey Christ give una, dey stay inside una, so
una nor nid anybody to tish una again. Evritin wey di Holy Spirit dey tish,
na true and lie nor dey inside. Just as e don tish una, make una stay inside
am.

28 Naw my shidren, make una stay inside am, so dat wen E kom, awa
heart go dey strong well-well and shame nor go make us run from where
E dey. 29 If una know sey E dey raitious, den una go know sey, doz wey
dey do wetin God wont, na en shidren dem bi.

# 3

*John Tok About Love*

1 Make una si di kind love wey awa God get for us. And naw, pipol dey
koll us God shidren and true-true, na God shidren wi bi. Di world nor
know us, bikos dem nor know am. 2 My friends, wi bi God shidren naw
and wi neva know as wi go bi wen Christ go kom back. But wi know sey
wi go bi like am, bikos wi go si am just as E bi. 3 And evribody wey get dis
hope for Christ, dey make ensef pure, just as Jesus dey pure.

4 Evribody wey dey like to sin, nor dey obey God law and to sin, na to
disobey God law. 5 And una know sey God send Jesus kom, make e for
karry sin komot and know sin dey inside Christ. 6 Anybody wey dey stay
inside am nor dey like to sin, but pesin wey dey kommit sin, neva si or
know am. 7 So my shidren, make una nor let anybody deceive una: If pesin
dey do wetin good for God eye, dat show sey dat pesin dey good, just as
Christ dey good for God eye. 8 But pesin wey dey like to sin, na devil pikin,
bikos devil dey sin from di biginnin. Na dis one make God Pikin kom dis
world, so dat e go skata all di work wey devil dey do. 9 Pesin wey bi God
pikin, nor dey like to sin, bikos God seed dey inside am. 10 Na like dis una
go take know God and devil shidren. Pesin wey nor dey do wetin good for
God eye and nor love en broda or sista for Christ, nor bi God pikin.

11 Dis na di Good News wey una don hear from di biginnin sey, "Make
wi love each oda as awasef." 12 Nor bi like Kain wey bi devil pikin, wey
kill en broda. And wetin make am kill-am? Na bikos God nor asept en
ofrin as E asept Abel own.

13 So my brodas and sistas, make una nor sopraiz sey dis world pipol
hate una. 14 Wi know sey wi don cross from deat enter life, bikos wi dey
love and kare for awa brodas and sistas for Christ. 15 Pesin wey hate en
broda or sista for Christ, fit kill pesin and di life wey nor go end, nor dey
inside am. 16 Dis na wetin make us know wetin love bi: Jesus Christ die
for us, so wi suppose sakrifice awa life for awa fellow Christian brodas
and sistas. 17 But pesin wey get enough tins and e nor sorry for en broda
or sista for Christ wey nor get at-all, na how God love go take dey inside
am?

18 My shidren, make wi nor dey love with only word for mout, but make
wetin wi dey do, show sey wi really love each oda. 19 Wetin wi dey do go
show sey wi dey live for di trut, so wi go dey bold wen wi stand for God
present. 20 So, even if awa mind kondemn us, wi know sey God big pass
awa mind and E know evritin. 21 My friends, if awa mind nor kondemn
us, awa heart go strong for God present 22 and anytin wey wi ask from
am, E go give us, bikos wi dey do wetin E wont and na dis tins dey make
belle sweet am. 23 Na wetin E kommand bi dis, "Make wi bilive en pikin
Jesus Christ name and make wi love each oda, even as E don kommand
us." 24 So anybody wey do all wetin God tok, dey inside am and God dey
inside dat pesin too. Wi know sey E dey inside us, bikos di Spirit wey E
give us, dey stay inside us.

# 4

*Make Una Try All Spirit*

[1] My friends, make una nor bilive evribody wey sey na God Spirit dey
tok thru am. Una must test am to know weda na God Spirit e really get.
Bikos many fake profets dey for dis world. [2] Dis na how una go take know
God Spirit: If pesin bilive sey na Jesus bi di Mezaya, wey kom as human
being, dat pesin get God Spirit. [3] But evribody wey nor gri sey Jesus na
Oga God, dat pesin spirit nor kom from God. Dat na di anti-Christ spirit
wey una hear sey dey kom and e don already dey dis world.
[4] My shidren, una kom from God and una don get viktory ova doz pipol,
bikos di pesin wey dey inside una, big pass di pesin wey dey di world.
[5] Dem kom from dis world: so dem dey tink like pipol for di world and di
pipol wey dey di world, dey listin to dem. [6] Wi kom from God and di pesin
wey know God dey listin to us, but pesin wey nor know God, nor dey gri
with us. Dis na how wi take dey know di thru Spirit and di spirit wey dey
deceive pipol.

*To No God True Love*

[7] My friends, make wi love one anoda, bikos love kom from God and
anybody wey love odas, na God pikin and e know God, [8] but pesin wey
nor love en broda nor know God, bikos God na love. [9] Dis na how God
love dey show for awa life: God send en only Pikin wey E born, make e
kom dis world, so dat thru am, wi go get life wey nor dey end. [10] Na dis
bi love: nor bi sey wi first love God, but na-im first love us wen E send en
Pikin kom die for us as sakrifice wey make am forgive us awa sins.
[11] My friends, if God love us like dis, den wi must love each oda.
[12] Nobody don ever si God before. If wi love each oda, God dey inside
us and en love dey pafet inside us. [13] God don give us en Spirit to show
sey wi dey inside am and e dey inside us. [14] Wi don si with awa eye sey,
di Papa send en Pikin to bi Savior for di world.
[15] If anybody sey Jesus na God Pikin, dat show sey, God dey inside am
and e dey inside God too. [16] Wi know and bilive sey, God love us and en
love dey inside us. [17] And as wi dey stay inside God, awa love dey grow
more-more. So wi nor go fear for judgement day, but wi go face God with
konfident, bikos wi live like Jesus Christ wen wi dey di world. [18] Dis kind
love nor get fear, bikos betta love dey drive fear komot from pesin heart.
If wi dey fear bikos wi nor wont make God ponish us, dat show sey wi
neva really know how en love bi. [19] Bikos God first love us, naim make us
dey fit love each oda.
[20] If somebody sey, "I love God" and e hate en Christian broda, e dey lie,
bikos pesin wey nor love en Christian broda wey e dey si, how e wont take
love God wey e nor dey si? [21] God don kommand us sey: "If anybody love
mi, make e love en broda and sista for Christ too."

# 5

*Pipol Wey Love God*

[1] Anybody wey bilive sey na Jesus bi Christ, don bi God pikin and
anybody wey love di Papa, love di pikin wey E born. [2] Wi go know sey wi
love God shidren, wen wi love God and obey en kommandment. [3] To love
God, na to keep en kommandment and en kommandment nor dey hard.
[4] Anybody wey bi God pikin, don win di world and na awa faith bi di pawa
wey win di world.

[5] Pesin wey bilive sey Jesus Christ na God Pikin, don win di world. [6] Na
Jesus Christ kom dis world with wota and blood. Nor bi only with wota,
but na with di wota and di blood. And God Spirit bear witness sey dis
na true, bikos na God Spirit bi di trut. [7] Wi get three witness to show sey
wetin wi dey tok, na true and dem bi: [8] God Spirit, di wota and di blood
and dis three witness dey tok di same tin.

[9] If wi gri sey wetin human being tok na true, den wetin God tok about
en pikin, naim big pass. [10] (Di pesin wey bilive God Pikin, go know inside
ensef sey, dis tin na true, but pesin wey nor bilive God, dey sey God dey
lie, bikos e nor bilive wetin God tok about en Pikin). [11] Dis na wetin God
tok: God don give us life wey nor dey end and dis life dey inside en Pikin.
[12] Anybody wey get di Pikin, get di life wey nor go end, but doz wey nor
know God Pikin, go die.

[13] I don rite all dis tins give una wey bilive God Pikin, so dat una go
know sey una get life wey nor go end.

[14] Na dis tins dey make awa mind strong anytime wey wi kom meet God:
bikos if wi ask am for anytin wey dey good for en eye, E go give us. [15] And
if wi know sey E dey hear us, den wi bilive sey wi go get di tins wey wi
ask from am. [16] If anybody si en broda or sista for Christ dey kommit sin
wey nor go kill-am, make e ask God and God go give life to dat pesin. E
get di kind sin wey dey kause deat and I nor sey make una pray make God
forgive di pesin wey dey kommit dat kind sin. [17] Evritin wey nor good for
God eye, na sin, but e get di sins wey nor dey kause deat.

[18] Wi know sey anybody wey bi God pikin, nor dey like to sin, but God
dey keep en pikin, so dat devil nor go fit tosh am. [19] Wi know sey wi bi
God shidren and dis world wey wi dey so, na wiked pipol dey rule am.
[20] Wi know sey God Pikin don kom and e don give us sense to know di trut
about God. And wi dey inside en Pikin Jesus Christ. Na-im bi di real God
and na-im bi di life wey nor go end. [21] So my shidren, make una make
sure sey una nor get anytin to do with oda gods.

# John
## Sekond Leta
## Introdushon

Apostle John rite di sekond leta to one lady and en shidren. E bi like sey dis leta na to anoda group of bilivers for di same time wen e rite di feast one. Di main rizin na to warn dem against di false tishing about Jesus Christ as e tok for di first leta (2 John 1:7 and 1 John 4:2-3; 2 John 1:5). E tell dem not to receive or welkom di false tishas, so dat dem nor go deceive dem.

*I Salot*

1 Mi wey bi elder dey rite dis leta to di woman wey God choose, with
en shidren wey I love inside di trut (nor bi only mi, but na evribody wey
know di trut). 2 Bikos di trut dey inside us, e go stay inside us forever.
3 Make God, awa Papa and Jesus Christ, en pikin wey dey inside trut and
love, give us grace, mesi and peace.

4 I dey happy well-well, wen I si sey some among yor shidren dey live
akordin to di trut, just as di Papa kommand us.

*Warnin About Fake Tishas*

5 I dey rite to remind una sey, make una love one anoda. Dis nor bi new
kommandment, but na di one wey dey from di biginnin. 6 (Na wetin love
mean bi dis: make wi dey do wetin God wont.) Na di kommandment bi
dis and just as wi hear am from di biginnin; na so wi suppose to follow
am. 7 Bikos pipol wey dey deceive odas, don enter di world; dem nor gri
sey Jesus Christ don kom dis world as human being before. Dis kind pipol
dey deceive odas and na anti-Christ dem bi! 8 Make una shine una eye,
so dat di work wey wi do among una, nor go lost, but instead, wi go get
komplete reward.

9 Pesin wey nor dey follow wetin Christ tish, but dey find oda yeye tishas,
nor know God. But pesin wey dey obey dis tishing, get both di Papa and en
Pikin. 10 If anybody kom meet una and e nor asept wetin wi dey tish, make
una nor welkom or receive am as una broda. 11 But pesin wey receive am,
go dey follow am do di wiked tins wey e dey do.

*Last Word*

12 Even doh I get many oda tins wey I won tell una, I nor won take paper
and biro rite dem, but I hope sey I go kom visit una and I go tok to una
face-to-face, so dat awa happiness go full.

13 Una sista shidren wey God don choose, dey greet una.

# John
## Third Leta
# Introdushon

Apostle John rite di third leta to Gaius wey bi leader for one small fellowship or church. Diotrefes, one leader for di church dey karry body up dey sey make pipol nor help di missionaries wey dey kom visit dem. Di leta na to kondemn wetin Diotrefes dey do and to praiz Demetrius, anoda leader, wey dey help di missionaries for di church.

*I Salot*

1 Mi wey bi elder dey rite dis leta to Gaius, my broda wey I love well-
well. 2 My friend, I dey pray sey make evritin dey good for yu and make
yor body well, just as yor soul well too. 3 I happy well-well wen awa brodas
kom tok about how yu dey always live for di trut.
4 Wetin make mi happy well-well na wen I hear sey my shidren dey live
akordin to di trut.
5 My friend, di tins wey yu dey do for awa brodas wey yu nor even know,
good well-well. 6 Dem don even tok about yor love for inside di church
where God pipol gada. E go good sey wen dem kom yor side, make yu help
dem, so dat belle go sweet God as dem dey kontinue dia journey. 7 Dem
start dia journey bikos of "Christ name" and dem nor gri take anytin from
pipol wey nor bi Christian. 8 So wi suppose to help doz pipol, so dat wi go
bi dia ko-worker wey go make di trut stand.
9 I bin rite leta to di church pipol, but Diotrefes, wey dey karry body
up sey na-im bi dia leader, nor gri welkom us. 10 So, wen I kom, I go tell
evribody wetin e do; tins wey wi nor do and e sey wi do am. Even doh
e dey tok bad about us, dat one nor do for am; nor bi only sey e nor dey
welkom awa brodas, but e dey make odas nor welkom dem too and e dey
drive dem komot from di church. 11 My friend, make yu nor follow bad
tin, but do wetin dey good. Di pesin wey dey do good, na God own and di
pesin wey dey do wetin bad, neva know God.
12 Pipol don tok about Demetrius, bikos e dey do good and even di trut
wey e know, show sey e good. Wisef dey tok about how e good and yu
know sey wetin wi dey tok, na true.
13 I get many tins wey I won tell yu, but I nor one rite dem with biro and
paper. 14 I dey hope sey I go soon si yu and wi go tok face-to-face. 15 Make
peace dey with yu. Awa friends for here dey salot yu too. Make yu greet
all awa friends wey dey der.

# Jude
## Leta
## Introdushon

Jude na James broda (1:1). Since James na Jesus broda, e bi sey Jude,
wey rite dis leta, na Jesus broda too. E bi one of di leaders for di church
for Jerusalem. Jude tok against false tishas wey dey kondemn di faith wey
God holy pipol get. Bikos of some kind dreams wey di tishas sey dem si,
dem kon dey rijet authority and bihave enihow. E warn di bilivers make
dem nor allow dis false tishas deceive dem, so dem must rijet both dia
tishings and di way dem dey live.

*I Salot*

1 Dis leta na from Jude, Jesus Christ savant and James broda. To di pipol
wey God don koll, wey Papa God love don wrap like klot for Jesus Christ
body. 2 Make mesi, peace and love dey with una!

*Fake Tishas*

3 My friends, even doh e don dey hongry mi since to rite give una about
di salvashon wey wi dey share togeda, naw e strong well-well for my mind
to rite, so dat una mind go dey strong. So una go fit stand fight for wetin
wi bilive; di tins wey God don give en pipol and nor-tin go fit shange am.
4 Some pipol don hide join una and God don mark dem for distroshon. So
I won tell una about dis tins sey, dis pipol nor dey fear God. Dem don dey
use God grace as eskuse to dey do bad-bad tins. Dis pipol nor gri asept
Christ as dia Masta and Oga God.

5 So I won remind una even doh una don already know dis tins. Afta
God don first save Israel pipol from Egypt, e kon distroy doz wey nor bilive
am. 6 And I still dey remind una about di angels wey nor stay for where
God put dem, but kon komot for where dem suppose dey. God don shain
dem tie for darkness until wen E go judge di world. 7 Make una use Sodom
and Gomorrah and di towns wey dey near dem, as ezample. God ponish
dem with fire wey nor dey end, bikos both men and wimen dey sleep with
each oda anyhow, dem even dey sleep with animals and dem dey do oda
wiked tins wey dey dia mind.

8 Like dis too, dis men wey sey dem dey dream; dey live bad life; dem
nor dey obey God authority and dem even dey curse angels wey get glory.
9 But wen Mikael, di big angel dey kworel with devil bikos of Moses body, e
nor curse am, but instead, e sey, "Na God go judge yu!" 10 But dis pipol nor
undastand wetin dem dey tok and dis na wetin dem suppose to undastand
without sey pesin tish dem. As animals nor dey tink before dem do tins,
na so dis pipol dey bihave. 11 Curse dey dia head! Bikos dem dey bihave
like Kain and bikos of long-trot, dem dey do di mistake wey Balaam do.
So dem go must die like Korah, wey disobey God. 12 Wen dis pipol dey
follow una chop di fellowship food wey God don bless, dem bi like shuku-
shuku for una body. Dem bi like shepad wey nor dey shame, bikos e kare
for only ensef. Dem bi like kloud wey just dey blow, but rain nor dey
fall. Dem bi like tree wey nor get fruits and God don rut dem komot from
groun. 13 Dem bi like wave for sea wey dey foam kom out. Dem bi like

star wey nor dey stay one place and God don keep di place wey deep pass
for darkness, dey wait dem.
14 Enoch wey bi di nomba seven pesin afta Adam, profesai about dis
pipol. E sey, "Listin! God dey kom with en holy pipol wey nobody fit
kount and 15 e dey kom judge evribody, so dat pipol go know di bad tins
wey dem dey do and di wiked words wey sinnas don tok against God."
16 Dis pipol dey komplain waka and dey find fault. Dem dey go anywhere
wey dia body karry dem go and dem dey boast. Dem dey tok wetin pipol
like to hear, so dat odas go praiz dem.
17 But my friends wey I love, make una remember wetin awa Oga God
Jesus apostles tell una. 18 Dem sey, "For di time wen dis world won end,
some pipol go dey laf una and di tins wey God hate wey dey hongry dem
to do, naim go dey push dem." 19 Dis kind pipol dey divide God pipol; dem
like dis world tins and dem nor get God Spirit. 20 My friends, make una
dey build unasef up with faith wey holy well-well and dey pray with di
Holy Spirit. 21 Make una keep unasef inside God love as una dey wait for
awa Oga God Jesus Christ, wey go bring life wey nor go end. 22 And make
wi help doz wey dia faith dey shake. 23 Make una help odas make dem nor
enter hell-fire, so dat una go fit save dem and as una dey help odas, make
una dey fear God kon hate di tins wey go make una sin.

*Last Blessing*

24 Naw, make all glory bi God own, bikos E nor let una fall and E go
bring una kom en present with betta joy wey nor get fault. 25 Make all
glory, majesty, pawa and authority, bi God own, naw and forever thru
Christ wey bi awa Oga God. Amen!

# Revelashon
## Introdushon

Apostle John wey rite di gospel of John and di three letas with di same name, naim rite dis book. Dis book difren from di oda books bikos na wetin God reveal to John direct, naim e rite down. Di Roman Emperor kon drive John go one island wey dem dey koll Patmos, bikos of di gospel message wey dey treaten wetin govment dey do. So na wen John dey for exile for Patmos, God kon tell am wetin go hapun for di last days of di world. Dat is why di name of book bi Revelashon, (Apokalypse wey mean "Open"). Dis book show sey God send one angel from heaven wey kon use signs and symbols take show and tok about di tins wey pipol neva si for dis world before and how di future go bi. John vishon get four main part and afta e don warn and enkourage di bilivers for di seven church for Asia Minor (chapters 2 and 3), e kon bigin tok about how Jesus kom save di world and di judgement wey e bring kom di world. Wen John don si all wetin God won show am, e kon say, "Amen! Oga God Jesus, make Yu kom!" Dis book naim konklude di whole drama for di Bible. Di world go get fresh biginnin bikos: Di pesin wey sidan for di throne sey: "I dey make evritin new!" (21:5).

*Introdushon*

1 Dis vishon na from Christ and na God sey make e show en savants
wetin go soon happen. E make am klear thru di angel wey E send kom
meet John 2 and John bear witness for evritin wey e si. Dis na wetin John
tok koncerning God word and about Jesus Christ. 3 Di pesin wey go read
dis profesy give pipol, God go bless am. God go bless doz wey dey listin
and do wetin dem rite for di profesy, bikos di time don near.

4 Na John rite dis leta go give di seven church wey dey Asia aria. Make
grace and peace dey with una from di Pesin wey dey since, wey dey naw
and wey go still kom. From di seven spirits wey dey en throne front 5 and
from Jesus Christ, di witness wey dey tok trut; di first-born among doz
wey God raiz from deat and naim bi di King of all kings. Christ wey love
and free us from awa sins with en own blood; 6 di one wey give us betta
kingdom kon make us priest wey go dey serve God wey bi en Papa, make
glory and pawa bi en own forever and ever! Amen.

7 (Make una look! E dey kom back inside di kloud
 and evry eye go si am.
Even doz wey shuk am
 and all di tribes wey dey dis eart,
 go kry bikos of am.
Dis tins go really happen! Amen.)

8 God sey, "Na mi bi di Alfa and Omega, di One wey dey since, wey dey
naw and wey go still kom, na mi bi di God Almighty!"

9 Mi John, I bi una broda and I dey follow una share from di trobol bikos
of di kingdom and dey bear di sofa wey dey inside Jesus. Dem porshu mi
go Patmos Island, bikos I dey prish God word and tok about Jesus Christ.
10 On Sunday, God Spirit kon dey kontrol mi and from my back, I kon
hear one loud vois like trumpet dey sey, 11 "Make yu rite evritin wey yu

dey si inside dis book, den send dem go meet di pipol wey dey di seven
church wey dey for Efesus, Smyrna, Pergamum, Tiatira, Sardis, Filadelfia
and Laodicea."
12 I turn make I si di pesin wey dey tok to mi and wen I turn, I kon si
seven lampstand wey dem take gold make. 13 And di pesin wey stand for
di lampstand centre, bi like Man Pikin. E wear long dress with gold belt
for en waist. 14 En head and hair white like wool, dem even white rish
snow and en eyes red like fire wey dey burn well-well. 15 En legs bi like
bronze wey dem polish for fire and en vois bi like di nois wey sea dey
make. 16 E whole seven stars for en rite hand and swod wey get two sharp
side, dey kom out from en mout. En face dey shine like sun. 17 Wen I si
am, I fall near en leg like sey I don die. But E tosh mi with en rite hand,
kon sey: "Nor fear! Na mi bi di First and di Last, 18 di One wey dey alive!
I die before, but naw, I dey alive forever and ever. Deat and grave key dey
my hand. 19 So make yu rite wetin yu si: both doz wey go happen naw
and di ones wey go happen leta. 20 Di seven stars wey yu si for my rite
hand, na dia sekret bi dis: Di stars na di angels for di seven church and di
seven lampstand, na di seven church."

# 2

### *Di Church For Efesus*

1 "Make yu rite di tins wey I won tell yu naw, go give di angel for di
church wey dey Efesus:

'Di Pesin wey whole di seven stars for en rite hand and dey waka round
di seven lampstand, dey tell di pipol for di church sey:

2 I know yor work. I don si evritin wey yu do and even as yu dey wait
with patient. I know sey yu nor like wiked pipol. Yu don test pipol wey
sey dem bi apostles, but dem nor bi, bikos yu si sey, dem dey lie. 3 I still
know sey yu don bear many tins bikos of my name and still, yu neva
taya. 4 But dis na wetin I get against yu: di way yu love mi naw, nor
strong rish as e bi before! 5 So, make yu remember where yu from fall
and turn from sin kom meet God, den bigin do di tins wey yu first dey
do. If yu nor gri turn from sin kom meet God, I go remove yor lampstand
from where e dey. 6 But all dis tins dey happen make e for betta for yu,
bikos yu hate di tins wey Nikolaitan pipol dey do and I hate doz tins too.
7 Pesin wey get ear, make e hear wetin di Spirit dey tell di pipol for di
church. Anybody wey fit bear rish di end, I go allow am chop from di
tree for God Paradise and dis tree dey give life.' "

### *Di Church For Smyrna*

8 "Make yu rite di tins wey I won tell yu naw, go give di angel for di
church wey dey Smyrna:

'Dis message na from di Pesin wey bi di First and di Last, di One wey
die kon kom back to life. 9 I know di sofa wey yu sofa and how yu nor
get money, but yu get enough money. I still know di bad tins wey dem
tok about yu. Dem sey dem bi Jew pipol, but dem nor bi Jew, bikos dia
sinagog, na Satan own. 10 Make yu nor fear di tins wey yu go soon sofa.
Devil go trow some of una inside prison, so dat e go test una. Yu go sofa
for ten days. But make yu nor live mi, even if e mean sey yu go die.
Bikos I go give yu di crown wey bi life.

11 Pesin wey get ear, make e hear wetin di Spirit dey tell di pipol for di
church. Anybody wey fit bear rish di end, di sekond deat nor go kill-am.'
"

*Di Church For Pergamum*

12 "Make yu rite di tins wey I won tell yu naw, go give di angel for di
church wey dey Pergamum:
'Dis na di message from di Pesin wey whole di swod wey get two sharp
side. 13 I know sey yu dey stay for where Satan throne dey. But yu still
whole my name strong well-well and yu nor deny mi even wen dem kill
my savant Antipas for where Satan dey stay. 14 But dis na wetin I get
against yu: yu get some pipol wey dey follow wetin Balaam dey tish and
na Balaam tell Balak sey make e curse wahala for Israel pipol. Na-im
make dem sin wen e sey make dem chop juju food kon sleep with who
nor bi dia husband or wife. 15 Like dis too, some pipol among una dey
follow wetin Nikolaitan pipol dey tish. 16 So, make yu turn from sin kom
meet God! If not, I go kwik-kwik kom fight yu with di swod wey dey my
mout.
17 Pesin wey get ear, make e hear wetin di Spirit dey tell di pipol for di
church. Anybody wey fit bear rish di end, I go gi-am some manna wey
dem hide for heaven. I go gi-am white stone and for dat stone, dem go
rite new name put and nobody go fit undastand am, escept di pesin wey
I give di stone.' "

*Di Church For Tiatira*

18 "Make yu rite di tins wey I won tell yu naw, go give di angel for di
church wey dey Tiatira:
'Dis message na from God Pikin wey en eye red like fire wey dey burn
well-well and en legs bi like bronze wey dem polish: 19 I know all di
tins wey yu dey do. I don si yor love, yor faith, yor work and as yu dey
wait with patient. And I si as yu dey do well for all dis tins. 20 But dis
na wetin I get against yu: yu allow dat woman, Jezebel, make e dey do
wetin e like. Dat woman wey koll ensef profet and di tins wey e dey
tish dey make my savants sin, bikos dem dey sleep with who nor bi dia
husband or wife and dem dey chop juju food. 21 I don gi-am time make
e turn from sin kom meet God, but e nor gri stop to sleep with doz wey
nor bi en husband. 22 Si! I go trow am put for bed where e go sofa and
doz wey dey sin with am, go sofa well-well, unless dem turn from sin
kom meet God. 23 I go kill all en shidren, den all di church pipol go know
sey, I know wetin dey for pipol mind and heart. I go reward evribody
akordin to wetin e do. 24 But una wey dey Tiatira, wey nor dey follow
wetin Jezebel dey tish (wey neva learn di tins wey dem dey koll "Satan
deep sekret"), I dey tell una dis tins naw, but I nor go ask una for anytin
again. 25 Make una whole wetin una get until I kom.
26 Anybody wey fit bear and obey mi rish di end, I go gi-am authority
ova all di nashons.
27 E go rule di nashons with iron rod
kon break dem to pieces like pot.
28 E go get di same authority wey I get from my papa and I go still gi-am
di star wey dey shine for morning.

29 Pesin wey get ear, make e hear wetin di Spirit dey tell di pipol for di
church.' "

# 3

### *Di Church For Sardis*

1 "Make yu rite di tins wey I won tell yu naw, go give di angel for di
church wey dey Sardis:
'Di Pesin wey whole God seven spirits and di seven stars: I know wetin
yu dey do; for pipol eye, yu dey alive, but true-true, yu don die. 2 So
make yu raiz-up kon give pawa to di remainin tins wey don nearly die,
bikos yor work nor dey good for God eye. 3 Make yu remember wetin
yu don hear and receive and make yu obey dem kon turn from sin kom
meet God. If yu nor shine yor eye well, I go kom like tif and yu nor
go know di time wen I go kom. 4 But yu get some pipol for Sardis wey
neva stain dia klot, dem go wear white klot follow mi waka, bikos dem
deserve am.
5 Anybody wey fit bear rish di end, go wear white klot like dem and I
nor go remove en name from my Life Book, but I go tok about am for
my Papa and en angels front. 6 Pesin wey get ear, make e hear wetin di
Spirit dey tell di pipol for di church.' "

### *Di Church For Filadelfia*

7 "Make yu rite di tins wey I won tell yu naw, go give di angel for di
church wey dey Filadelfia:
'Di Pesin wey dey holy and true, wey whole David key; wen dis pesin
open door, nobody go fit klose am and wen e klose door, nobody go fit
open am. 8 I know evritin wey yu dey do. (Si, I don open door for yu wey
nobody go fit klose.) I know sey yu nor too get pawa, but yu don obey my
word and yu nor deny mi at-all. 9 Listin! Doz pipol from Satan sinagog
wey lie sey dem bi Jew, I go make dem bow for yor front, den dem go
know sey I really love yu. 10 Bikos yu don obey my kommandment wey
bi to get patient, I go protet yu wen I won test evribody for dis world.
11 I go soon kom. Make yu whole wetin yu get well-well, so dat nobody
go take yor crown from yu.
12 Anybody wey fit bear rish di end, I go make am pila for my Papa
Temple and e nor go ever komot from der. I go rite my Papa name;
David Town; di new Jerusalem wey dey kom from heaven and my own
new name, put for en body. 13 Anybody wey get ear, make e hear wetin
di Spirit dey tell di pipol for di church.' "

### *Di Church For Laodicea*

14 "Make yu rite di tins wey I won tell yu naw, go give di angel for di
church wey dey Laodicea:
'Dis message na from di Pesin wey bi di Amen; di witness wey dey obey
God kommandment since E kreate di world. 15 I know evritin wey yu
do. Yu nor dey hot or kold. I wish sey yu hot or kold! 16 But since yu just
dey warm and yu nor hot or kold, I go vomit yu komot from my mout!
17 Bikos yu dey sey, "I get plenty money and I nor nid anytin!" But yu
nor know sey yor kondishon bad well-well, yu dey sofa; yu poor; blind
and naked. 18 So I advise yu sey make yu buy gold; gold wey dem don
polish with fire. Den yu go get plenty money. Make yu still buy white

klot from mi kon wear am, so dat dem nor go si yor nakednes again,
den buy medicine put for yor eye, so dat yu go fit si. [19] I dey korrect and
ponish anybody wey I love. So make yu dey sirious kon turn from sin
kom meet God! [20] Listin! I stand for di door dey nok! If anybody hear
my vois, kon open di door, I go enter go meet am, kon follow am chop
and e go chop with mi too.
[21] Bikos I bear rish di end kon follow my Papa sidan for en throne,
anybody wey fit bear rish di end, go follow mi sidan for my throne too.
[22] Pesin wey get ear, make e hear wetin di Spirit dey tell di pipol for di
church.' "

# 4

*Woship For Heaven*

[1] Afta all dis tins, I look up kon si one door wey open for heaven! Den
di vois wey I first hear kon tok to mi like loud trumpet sey: "Make yu kom
up, so dat I go show yu wetin go happen afta dis tins." [2] So for di vishon, I
si one throne for heaven wey pesin sidan put! [3] Di pesin wey sidan for di
throne bi like jasper and karnelian stone. Rainbow dey round di throne
and e bi like sey dem make am with emerald stone. [4] Twenty-four oda
thrones dey round di first throne and twenty-four eldas sidan put for di
thrones. Dem wear white klot and gold crown dey dia head. [5] Lite dey
shine kom out from di throne and tonda dey make nois from am too. For
di throne front, seven tosh wey get fire dey burn for der. Dis na God seven
spirit. [6] Di throne front dey shine like mirror and e bi like crystal. For
centre and around di throne, for creatures wey get eye full body, dey for
der too.
[7] Di first one bi like lion, di sekond one bi like melu, di third one get
human being face and di fourt one bi like eagle. [8] Each for di for creatures
get six feada and eye full di feadas. Dem nor dey ever rest for nite or day
and dem dey always sey:

Holy! Holy! Holy! Na-im bi di God wey dey mighty.
Di Pesin wey dey since, wey dey naw and wey go soon kom.

[9] Wen ever di for creatures dey tank, praiz and honor di Pesin wey sidan
for di throne wey dey alive forever and ever, [10] di twenty-four eldas go bow
woship di Pesin wey dey live forever and ever. Dem go remove dia crown
put for en throne front kon sey:

[11] "Awa Oga and God! Yu dey worthy
to receive glory, honor and pawa,
bikos na yu kreate evritin as yu wont."

# 5

*Wen Dem Open Di Book*

[1] Den I si sey di Pesin wey sidan for di throne, hold one book for en rite
hand. Dem rite sometin put for di front and back kon lock am with seven
keys. [2] Den I si one strong angel dey shaut with loud vois sey: "Na who dey
holy rish to break di keys and open dis book?" [3] But nobody for heaven,
eart or under eart fit open di book or look inside. [4] So I start to kry, bikos
nobody dey holy rish to open di book or look inside. [5] Den one among di
eldas kon tell mi, "Make yu nor kry again! Look, di lion for Judah tribe,

wey kom from David family, don win. So e go open di book and break di
seven keys."
6 Den I si one Lamb wey bi like sey dem don kill-am, but e stand for di
throne centre with di for creatures and di twenty-four eldas. E get seven
horns and seven eyes wey bi God seven spirit, wey E send enter di eart.
7 Den e waka go kollect di book from di Pesin wey sidan for di throne.
8 And wen e take di book, di for creatures and di twenty-four eldas fall for
di Lamb front. Each of dem whole harp and basin wey incense full. Dis
incense na God pipol prayers. 9 Dem kon dey sing new song sey:

"Yu holy rish to take di book
kon open di keys,
bikos dem kill yu
and na yor blood save all God pipol
from evry tribe, language, group and kountry.
10 Yu don choose dem as kings and priests
wey go serve God and dem go rule for di eart."

11 As I dey look, I kon hear many tazon angels vois as dem stand round
di throne; di for creatures and di eldas. 12 All of dem kon dey sing with
loud vois sey:

"Di Lamb wey dem kill,
make glory, pawa, propaty,
wisdom and honor, bi en own!"

13 Den I hear evritin wey God kreate for heaven, eart, under eart, sea
and evritin wey dey inside dem dey sing sey:

"Make praiz, honor, glory and pawa to rule,
bi di Pesin wey sidan for di throne
and di Lamb own, forever and ever!"

14 And di for creatures kon sey, "Amen!" Den di eldas fall face groun
kon start to woship God.

# 6

*Di Seven Keys*

1 As I dey look, di Lamb kon open one for di seven keys and I hear one
for di for creatures dey shaut like tonda sey, "Make yu kom!" 2 So I look
kon si one white horse dey kom! Di pesin wey dey ride am whole bow and
e wear crown for en head. E go fight and win many war and na champion
e bi.

3 Wen di Lamb open di sekond key, I kon hear di sekond creature dey
sey, "Make yu kom!" 4 Den anoda red horse kom out. Dem give di pesin
wey dey ride am, big swod and pawa to take remove peace from dis eart.
So pipol kon dey fight and kill each oda for evriwhere.

5 Den wen di Lamb open di third one, I hear di third creature dey sey,
"Make yu kom!" So I look and I si one black horse dey kom! Di pesin wey
dey ride am hold ruler for en hand. 6 Den I hear one vois among di for
creatures dey sey, "Dem dey sell six pound for barley and one bread for
only one penny and make yu nor spoil di olive oil and wine."

7 Wen di Lamb open di fourt key, I hear di fourt creature dey sey, "Make
yu kom!" 8 So I look kon si one horse wey en kolour bi like green wey
don dey fade! Di pesin wey dey ride am, na Deat dem dey koll am and en
friend na di Grave. Wen dem divide di eart into four, dem give di two of

dem pawa ova one part, so dat dem go kill pipol with dia swod; honga; diziz and wiked animals.
[9] Wen di Lamb open di fift key, pipol wey dem don kill bikos of God word
and wetin dem dey tok about Christ, I si dia soul for under di altar. [10] Dem
dey kry with loud vois sey, “Oga God wey get pawa, how long e go take before yu go judge doz wey dey live for dis eart? Make yu ponish dem,
bikos na dem kill us!” [11] Den dem give each of dem long white klot kon sey, make una rest small until di oda savants and una brodas for Christ wey wiked pipol go kill, don komplete.
[12] Den di Lamb open di sixt key and big eartkweke kon happen. Di sun
kon dark like black klot and di moon kon dey red like blood. [13] Di stars for
sky fall kom groun like di way fig tree fruit wey ripe, dey fall wen strong
breeze dey blow. [14] Di sky kon dey fold like paper and evry mountin and
island move komot from where dem dey before. [15] Den evribody, both di kings for di eart; di rulers; ofisas; doz wey get money; doz wey get pawa and evry slave and free pesin kon hide demsef for holes and among di
mountins. [16] Dem kon dey kry give di mountin and di rock sey, “Make yu fall on-top us and hide us from di Pesin wey sidan for di throne and make
yu hide us from di Lamb vexnashon.” [17] Bikos di day to ponish dem, don kom and nobody go survive am.

# 7

*Di 144,000 Pipol*

[1] Den, I si for angels stand for di for korna for di eart and dem whole di
for breeze, so dat e nor go blow for di eart, di sea or for any tree. [2] Den I si anoda angel dey kom down from di east. E karry God key, den e kon shaut give doz for angels wey dem don give pawa to ponish land and sea sey,
[3] “Make una wait! Make una nor ponish di land, sea or di trees, until wi
don put God mark for en savants fore head.” [4] Den I hear di nomba wey dem put God mark for dia fore head. Dem bi 144,000 from all di tribes for Israel:

[5] Dem mark 12,000 from Judah tribe, 12,000 from Reuben tribe, 12,000 from Gad tribe.

[6] And from Asher tribe, na 12,000 dem mark, 12,000 from Naftali tribe, 12,000 from Manasseh tribe,

[7] 12,000 from Simeon tribe, 12,000 from Levi tribe, 12,000 from Issakar tribe,

[8] 12,000 from Zebulun tribe, 12,000 from Josef tribe and 12,000 from Benjamin tribe.

[9] Afta all dis tins, I look up kon si crowd wey nobody fit kount. Dem kom from difren tribe, kountry, group, language and dem stand for di throne and di Lamb front. Dem wear white klot kon whole palm tree branches
for hand [10] dey shaut sey:

“Awa God wey sidan for di throne and di Lamb,
na yu get pawa to save pipol!”

[11] And all di angel stand round di throne; di eldas and di four creatures.
Dem fall face groun kon bigin woship God. [12] Dem kon dey sey:

“Make praiz, glory, wisdom,
tanks, honor,
authority and pawa

bi awa God own forever and ever. Amen!”
13 Den one for di eldas kon ask mi sey, “Dis pipol wey wear long white
klot so, where dem from kom?” 14 I kon ansa, “My oga, na yu know di
ansa.” Den e sey, “Dis pipol die bikos of Christ. Dem don use di Lamb
blood take wosh dia klot, naim make am white like dat! 15 Dis na why
dem stand for God throne front kon dey serve am for en Temple, both for
nite and day time. 16 Hongry nor go ever katch dem again. Dem go always
get wota to drink; sun nor go ever beat dem again. 17 Bikos di Lamb for
di throne, go bi dia Shepad. E go take dem go drink from di river wey dey
give life. And evry tears wey dey dia eyes, God go klean am komot.”

# 8

*Di Sevent Key*

1 Wen di Lamb open di sevent key, evriwhere for heaven kon kwayet for
like thirty minutes. 2 Den I si seven angels wey stand for God present and
E give dem seven trumpets. 3 Den anoda angel whole gold plate for hand
kon stand near di altar. And God sey make e mix many incense join God
pipol prayers and e go bi ofrin before di gold altar. 4 Di smoke from di
incense, plus God pipol prayers kon dey go up go meet God from di angel
hand. 5 Di angel take di basin wey dem dey burn incense put kon pak fire
full am from di altar, den e trow am kom di eart and tonda with strong
lite and heavy eartkweke kon happen.

*Di Seven Trumpets*

6 Di seven angels wey whole di seven trumpets dey ready to blow dem.
7 Di first angel blow en own and dem kon trow stone with fire wey mix
with blood kom di eart. So if dem divide di eart into three, one part burn
finish. And if dem divide di trees wey dey di eart into three, one part with
all di green grass, burn finish too.
8 Den di sekond angel blow en trumpet and dem trow mountins wey
fire dey, enter di sea. If dem divide di sea into three, one part kon turn to
blood. 9 And wen dem divide evritin wey get life for di sea into three, one
part die finish. Den wen dem divide all di ship for di world into three, one
part burn finish too.
10 Den di third angel blow en trumpet and one big star from di sky fall
kom from heaven like tosh wey dey bring fire. Wen dem divide evritin for
di river into three, e fall for one part. 11 Di star name na “Bitterness.” So
if dem divide di wota into three, one part betta and di wota kon kill pipol
wey drink from am.
12 Den di fourt angel blow en trumpet and wen dem divide di sun, moon
and stars into three, dem fall for one part and di part kon dark. So if dem
divide day and nite into three, one part for di day nor get sun again and
one part for di nite, moon and star nor kon dey shine again. 13 Den I look
and I hear one eagle dey shaut as e dey fly for sky, “E go bad well-well! E
go bad well-well! E go bad well-well for pipol wey dey dis eart, bikos of
wetin go happen wen di last three angels go blow dia trumpets.”

# 9

*Fift Angel Trumpet*

1 Den di fift angel blow en trumpet and I si one star wey fall from heaven
kom eart and dem gi-am di key wey e go use take open di pit. 2 Wen e open
am, smoke kom out like fire kon turn di sun and breeze to darkness. 3 From
inside di smoke, grasshoppa bigin enter di eart and dem give dem pawa
like skorpion own. 4 Di angel tell dem, "Make una nor distroy di grass,
plants and trees, but distroy only di pipol wey God mark nor dey dia fore
head." 5 E still tell dem, "Nor kill di pipol wey nor get God mark for dia
forehead, but make una sofa dem for five monts with pain wey bi like
skorpion own." 6 For dat time, pipol go look for deat, but dem nor go si
am. Dem go won die, but deat go run from dem.
7 Di grasshoppa bi like horse wey dey ready for war. Wetin dey dia head,
bi like gold crown and dia face bi like human being own. 8 Dia hair bi like
wimen hair and dia tit bi like lion own. 9 Wetin dem wear bi like bullet
proof wey dem make with iron and dia feada dey make nois like horse
wey dey go fight. 10 Dia tail dey bite like skorpion own and di angel give
dem pawa to sofa pipol for five monts. 11 Na dia king bi di angel wey kom
from di pit and en name for Hibru, na Abaddon and for Greek, na Apollon
(pesin wey dey distroy).
12 Di first wahala don pass, but two oda one still dey kom.

### *Di Sixt Trumpet*

13 Den di sixt angel blow en trumpet and I hear one vois dey tok from di
for horns wey dey di gold altar for God present. 14 Di vois kon tell di angels
wey whole di trumpets sey, "Make yu release di for angels wey dem tie
for River Eufrates!" 15 If dem divide di pipol for dis eart into three, dem
release di angels wey dem don prepare for dis hour, day, mont and year,
sey make dem go kill one part finish. 16 I hear as dia sojas many rish and
dem many rish 200,000. 17 For my vishon, I still si many horse and doz
wey dey ride dem: And di bullet proof wey dis pipol wear, red like fire
kon get dark blue and yellow kolour. Di horse dem head bi like lion own
and fire, smoke and sulfur, dey kom out from dia mout. 18 If dem divide di
pipol for dis eart into three, di diziz wey bi like fire, smoke and sulfur wey
dey kom out from dia mout, kill one part finish. 19 Di horse pawa dey for
dia mout and tail. Dia tail mout bi like snake own and dem get pawa to
wound and kill pipol. 20 But di pipol wey dis tins nor kill, nor still gri turn
from sin kom meet God wey go save dem. Dem kontinue to serve demon
and juju wey dem make with gold, silva, bronze, stone and wood. Dis juju
nor dey si, hear or waka. 21 And instead of dem to turn kom meet God,
dem still dey kill pipol; do majik; dey sleep with who nor bi dia husband
or wife and still dey tif.

## 10

### *Di Angel And Di Book*

1 Den I si anoda angel wey get pawa dey kom down from heaven inside
kloud and rainbow dey on-top en head. En face dey shine like sun and
en leg bi like big fire. 2 E hold one small book wey open for en hand and
e stand with en rite leg on-top sea kon put en left leg for land. 3 Den e
shaut with loud vois like lion and seven tundas ansa am. 4 I dey ready
to rite wen di seven tundas dey tok, but I hear one vois from heaven dey

sey, “Anytin wey di seven tundas tok, make yu keep am as sekret and nor
rite dem at-all.” [5] Den di angel wey stand for di sea and land, raiz en rite
hand go heaven. [6] E swear with di Pesin name wey go dey forever and
ever. Na dis Pesin kreate di heaven, eart, sea and evritin wey dey inside
dem, den di angel kon sey, “Time go soon rish!” [7] Wen di sevent angel go
blow en trumpet, God sekret plan wey nobody undastand, go kom out. E
go happen just as E tell di profets, wey bi en savants. [8] Den di vois from
heaven tell mi again, “Di angel wey stand for wota and land, make yu go
take di book wey dey en hand.” [9] So I go meet di angel sey make e give
mi di book, but e sey, “Take am make yu chop am.” E still sey, “As yu dey
chop am, e go sweet like honey for yor mout, but wen yu swallow am, e go
make yor belle bitter.” [10] So, I take di book from di angel hand kon chop
am. True-true wen I dey chop am, e sweet like honey for my mout, but
wen I swallow am, e kon bitter for my belle. [11] Den di angel tell mi, “Yu
go still profesai about many pipol, kountry, language and kings.”

# 11

### *Di Two Witness*

[1] Den, dem give mi one ruler wey bi like walkin stik kon tell mi sey, “Get
up make yu measure God Temple, di altar and di pipol wey dey woship for
der. [2] But nor measure di temple varanda, bikos God don gi-am to Gentile
pipol and dem go mash am for forty-two monts.” [3] I go give my two witness
authority to profesai for 1,260 days and na sak klot dem go wear. [4] Na dem
bi di two olive tree and di two lampstand wey stand before di Oga God
wey get di eart. [5] If anybody dey plan bad for dem, fire go kom out from
dia mout kon burn dia enemy finish. And if any man dey plan bad for
dem, na so too E go take die. [6] Dis two men get di pawa to klose di sky, so
dat rain nor go fall as dem dey profesai. Dem still get di pawa to turn wota
to blood and to kause bad tins to happen for di eart. [7] And wen dem don
tok finish, di beast wey kom out from di pit go follow dem fight kon win
and kill dem. [8] Dia dead body go dey for di main street for Jerusalem wey
pipol dey koll “Sodom and Egypt” and dis na di town where dem for nail
Christ for cross. [9] And for three and half days, all di pipol, tribes, language
and nashons go dey look dia dead body. Dem nor go allow anybody beri
dem. [10] Sinnas go dey happy bikos of dem and dem go dey give gift to each
oda to celebrate di two profet deat, bikos di profets trobol dem well-well.
[11] Afta di three and half days, God go breath life enter dia body and dem
go wake-up! Fear go katch all doz wey dey look dem. [12] Den one loud vois
from heaven go tell di two profet, “Make una kom up!” And dem go-go
heaven inside kloud as dia enemies go dey look dem. [13] For dat same time,
betta eartkweke go happen and if dem divide di town into ten, one part
go distroy finish. 7,000 pipol go die for di eartkweke and evry oda pesin
go fear kon bigin tank God wey dey heaven.

[14] Di sekond deat don pass, but si, di third one go soon kom.

### *Di Sevent Trumpet*

[15] Di sevent angel blow en trumpet and one loud vois kon shaut from
heaven:

“All di kingdom for di world
don bi God and Christ own.

E go rule forever and ever."
16 Di twenty-four eldas wey sidan for di throne before God, go fall face
groun kon woship God. 17 And dem go sey:
"Awa Oga God wey dey mighty,
wi dey tank yu.
Di one wey dey since and wey go always dey,
bikos naw, yu don show yor pawa kon start to rule.
18 Di nashons dey vex,
but di time wey yu go ponish dem,
don rish.
And na naw yu go judge doz
wey don die
kon reward yor savants;
di profets; doz wey dey good
and evribody wey dey fear yor name,
both small and big.
Dis na di time to distroy doz
wey dey kause wahala for di eart."
19 Den for heaven, God Temple kon open and en Kovenant Box dey inside
di temple. Tonda kon dey make nois and spark, den strong eartkweke
happen and big-big ice-blok kon dey fall.

# 12

*Di Woman, Di Pikin And Di Dragon*

1 Den one big sign kon appear for heaven: I si one woman wey take sun
tie en body like klot, di moon dey under en leg and one crown with twelf
stars, dey for en head. 2 Di woman get belle and e dey kry well-well, bikos
e won born naw. 3 Den I si anoda sign for heaven: I si one big red dragon
with seven heads and ten horns and seven crowns, dey di heads. 4 If dem
divide di sky into three, di dragon tail swip one part komot kon trow dem
kom di eart. E stand for di woman front as e won born and e dey wait to
kill di pikin wey di woman won born. 5 Di woman born boy wey go rule
di world with strong hand. But dem take di pikin kon go gi-am to God for
en throne. 6 So di woman run enter di wildaness, di place where God don
prepare to kare for am for 1,260 days.
7 Den big fight kon happen for heaven. Mikael and en angels kon fight
against di dragon and en angels. 8 Mikael and en angels win di fight, so
dem kon porshu di dragon and en angels komot from heaven by force.
9 Dis dragon na di old snake wey bi di devil or Satan, wey dey deceive di
world. Dem trow am kom down from heaven with en angels. 10 Den I
hear one loud vois for heaven dey sey, "Salvashon; pawa; authority wey
Christ get and God kingdom, don kom at last. Bikos di pesin wey dey akuiz
awa brodas and sistas evriday, God don trow am kom down. 11 God pipol
don win Satan with di Lamb blood and with di word wey dem tok about
Christ. Dem nor too kare for dia life, so dem even dey ready to die. 12 So,
heavens make yu happy! But wahala go happen for di eart and sea, bikos
di devil don kom meet una with strong vexnashon and en time too short."
13 Wen di dragon know sey dem don trow am go di eart, e porshu di
woman wey born di boy. 14 But dem give di woman two feada like eagle
own, so dat e go fly go di place where dem prepare for am for wildaness.

For der, dem go kare for am kon protet am from di dragon for three and
half years. 15 Den di dragon try to kill di woman with plenty wota wey e
spit kom out from en mout. 16 But di eart help di woman bikos e swallow
di wota wey kom out from di dragon mout. 17 Di dragon dey vex for di
woman, so e kon decide to fight all di shidren wey di woman born, dat is,
evribody wey keep God kommandment and bilive Jesus Christ. 18 Den di
dragon stand near di sea.

# 13

*Di Two Beast*

1 Den I si one beast dey kom out from di sea. E get ten horns, seven head
and ten crowns dey en horns. For en head, name wey dey curse God, naim
dem rite put. 2 Di beast wey I si, bi like leopard, but en leg bi like bear
leg and en mout bi like lion own. Di dragon kon gi-am pawa, en throne
and strong authority to rule. 3 One for di beast head bi like wetin dem
wound well-well, but di wound don go. Di whole world dey sopraiz kon
dey follow di beast. 4 Dem dey woship di dragon, bikos na-im give di beast
pawa to take rule. Dem dey woship di beast sey, "Who bi like di beast? Na
who fit follow am fight?" 5 Dem give di beast mout wey dey tok bad-bad
words. Di beast dey curse God and e rule for forty-two monts. 6 So di beast
open en mout dey curse God, en name, where E dey stay and doz wey dey
heaven. 7 Satan gi-am pawa to fight with God pipol and to win dem. E still
gi-am authority to rule evry tribe, group, language and kountries. 8 Evritin
for dis eart go woship am, even doz wey dia name nor dey for God Lamb
book wey get life. 9 If anybody get ear, make e hear! 10 Anybody wey dem
suppose to katch, dem go katch am. Anybody wey swod go kill, dem go
kill-am with swod. So, God pipol must bear well-well and get faith.

*Di Sekond Beast*

11 Den I si anoda beast dey kom out from groun. E get two horns like
small sheep own, but e dey tok like dragon. 12 E kollect all di pawa wey
dey make di eart and evribody woship di first beast (wey en big wound
don go). 13 E dey do big mirakles and e even dey send fire kom down
from heaven for di pipol front. 14 E deceive di pipol for dis eart with di
mirakles wey e dey do for di beast front and e tell di pipol sey, make dem
make one image for di beast (wey wound before, but still dey alive). 15 Di
sekond beast still get pawa to give life to di first beast image, so dat e go
fit tok and kill doz wey nor gri woship di first beast image. 16 E still sey,
make evribody, weda small or big, rish or poor, free pesin or slave, kollect
di beast mark for dia rite hand or fore head 17 and make nobody buy or
sell anytin, unless e get di beast mark, nomba or name for en body. 18 Dis
one nid wisdom; make di pesin wey fit undastand kount di beast nomba:
bikos na human being nomba e bi and di nomba na six hundred and sixty
six.

# 14

*Di Lamb And 144,000 Pipol*

1 Den I si di Lamb stand on-top Mount Zion with 144,000 pipol. Dem rite
en name with en Papa name for dia fore head. 2 And I hear one loud vois
from heaven like wave for sea or tonda for sky. I hear anoda sound like

harp wey dem dey play. 3 Dem kon dey sing new song for di throne, di for
creatures and di eldas front. Nobody fit learn di song, escept di 144,000
pipol wey God save from dis eart.
4 Dis ones nor spoil demsef with wimen, bikos dem bi virgin. Na dem
dey follow di Lamb wen e dey go anywhere. God save dem as human
being, so dat dem go bi di first fruit wey en and di Lamb plok. 5 Lie-lie nor
dey dia mout and dem nor get any fault.

*Three Angels*

6 Den I si anoda angel dey fly for sky and e karry di Good News wey
go dey forever dey kom prish give di pipol for dis eart, kountries, tribes,
language and groups. 7 Di angel kon shaut: "Make una dey fear and give
God glory, bikos di time wey E go judge di world, don rish. And make una
woship di Pesin wey make heaven, eart, sea and where wota from dey
flow!"
8 Anoda angel follow di first one kon sey: "E don fall! Babilon don fall!
Babilon wey make all di kountries drink di wine wey make dem dey sleep
with who dem nor marry."
9 Di third angel kon follow di first two, dey shaut: "If anybody woship
di beast and en image kon kollect di mark for en fore head or hand, 10 e
go drink from God vexnashon wey dey inside en ponishment cup. God go
ponish am with fire and sulfur for en holy angels and Lamb front. 11 Di
smoke from dis sofa go dey go up forever and ever. Doz wey dey woship
di beast, en image and doz wey kollect di mark, nor go rest for day or
nite." 12 Dis mean sey, God pipol go bear well-well, bikos dem dey obey en
kommandment and get faith for Christ.
13 Den I hear one vois from heaven dey sey, "Make yu rite dis tins:
"God don bless pipol
wey bilive and obey Christ before dem die!"
Di Spirit sey, "Blessing go really follow dis pipol and dem go rest from
dia hard work, bikos of di good wey dem do."
14 Den I look kon si one white kloud and di pesin wey sidan on-top, bi
like Man Pikin! E wear gold crown for head kon whole sharp knife for
hand. 15 Den anoda angel kom out from di temple kon tell di one wey
sidan on-top di kloud, "Make yu start to harvest with yor knife, bikos na
di korrect time bi dis and di fruits for eart don ripe!" 16 So di pesin wey
sidan on-top di kloud, take en knife klear di eart kon harvest evritin wey
dey inside.
17 Den anoda angel kom out from di temple for heaven with sharp knife
for en hand. 18 Anoda angel still kom out from di altar and e get pawa to
kontrol di fire. Di angel koll di one wey hold di sharp knife kon tell am,
"Make yu use yor sharp knife gada di grapes for di vine for eart, bikos
dem don ripe rish to plok." 19 So di angel klear di eart with en knife, gada
di grapes from di vine kon trow dem put for where dem go press dem and
dis na God sirious vexnashon. 20 Den, dem press di grapes for outside di
town and blood rush kom out from di place where dem dey press dem. Di
blood high rish five fit and e nearly rush rish two hundred mile.

# 15

*Di Last Wahala*

1 Den I si anoda big sign for heaven wey nobody go fit undastand:
seven angels whole di seven last wahala and na dis ones go komplete God
vexnashon.
2 I kon si anoda tin wey bi like river wey dem mix with fire and I still si
di pipol wey konker di beast, en image and di nomba for en name. Dem
stand near di river kon whole harp wey God give dem. 3 Dem dey sing
Moses wey bi God savant and di Lamb song sey: "God wey dey mighty, si
as di tins wey yu dey do dey big and wonderful! Yu wey bi king for all
nashons. Yu nor dey do parsha and evritin wey yu dey do, na true. 4 Na
who nor go fear and praiz yor name? Bikos na only yu dey holy. Pipol for
evriwhere go kom woship yu, bikos dem dey si di good tins wey yu dey
do."
5 Afta all dis, I kon si di temple for heaven open and di kovenant tent dey
inside. 6 Den di seven angels wey whole di seven last wahala kon kom out
from di temple and dem wear klean klot wey dey shine well-well, kon tie
gold belt for dia chest. 7 Den one among di for creatures kon give di seven
angels seven gold basin wey full with God wey go live forever and ever,
vexnashon. 8 Den, smoke kon full di temple with God glory and pawa. And
nobody fit enter until di seven wahala wey di angels bring, don komplete.

# 16

*Di Basin*

1 Den I hear one loud vois dey tok to di angels from di temple sey: "Di
seven basins wey God vexnashon dey, make una go pour dem for di eart."
2 So di first angel pour wetin dey en basin put for di eart. Den di pipol wey
get di beast mark and doz wey dey woship en image kon get sore wey dey
pain well-well for dia body.
3 Di sekond angel pour wetin dey en basin put for di sea. Den di sea turn
to blood and evritin wey dey inside, kon die.
4 Di third angel pour wetin dey en basin put for river. Di river and di
wota wey dey flow pass, kon turn to blood. 5 Den I hear di angel wey get
pawa ova di wota dey sey: "Di Pesin wey dey since, wey dey naw, di Holy
One, na yu dey good, bikos yu don judge well. 6 Bikos dis pipol kill yor
pipol and profets, so yu don give dem blood make dem drink, bikos na
wetin good for dem bi dat!"
7 Den I hear one vois from di altar sey, "Yes, Oga God, yu wey get all
pawa, yor judgement na true and dem korrect!"
8 Den di fourt angel pour wetin dey en basin put for di sun and di sun
kon dey shine with heat wey bi like fire, 9 den di heat kon dey burn pipol,
yet dem still dey curse God wey get pawa to stop dis sofa and dem nor gri
turn from sin kom meet God or gi-am all di glory.
10 Den di fift angel pour wetin dey en basin put for di beast throne, at
wons, darkness kover di beast kingdom and di pain kon dey make dem
bite dia tongue. 11 Dem still dey curse God wey dey heaven bikos of di
sofa and di sore wey full dia body, but dem nor still gri turn from sin kom
meet God.
12 Den di sixt angel pour wetin dey en basin put for River Eufrates. Di
river dry and road kon dey for di kings wey dey kom from east. 13 Den, I
si three evil spirit wey resemble frog dey kom out from di dragon, di beast
and di fake profets mout. 14 Na dem bi demon spirit wey dey do mirakle.

Na dem dey go gada all di kings wey dey for di world, so dat dem go fight
di fight wey go happen for di day wey God Almighty go judge di world.
15 Look! I go kom like tif! God don bless di pesin wey go shine en eye and
wear en klot, so dat e nor go naked waka.
16 Di demon spirit gada di kings and dia sojas for di place wey Hibru
pipol dey koll, "Armageddon."
17 Finally, di sevent angel kon pour wetin dey inside en basin put for
di air. Den one loud vois tok from di throne inside di temple sey, "Dem
don do am finish!" 18 Den tonda lite, like lion vois kon dey make nois and
strong eartkweke kon happen. Dis kind eartkweke neva happen since wen
God kreate di world. 19 Den di big town divide into three and di nashons
kon fall rish groun. So God remember Babilon wey big well-well and E gi-
am di cup wey full with en vexnashon wine. 20 All di island and mountins
skata finish. 21 Ice-blok wey heavy rish hundred pounds kon dey fall from
heaven on-top pipol, but dem still dey curse God, bikos of dia sofa.

# 17

*Di Woman And Di Beast*

1 Den one from di seven angel wey whole di seven basin tell mi, "Kom
make I go show yu how God go kondemn and ponish dat ashawo wey
sidan on-top plenty wota. 2 Di kings for eart dey sleep with am and en sin
don shark dis world pipol like wine." 3 So for di vishon, di angel karry mi
go wildaness and for der, I kon si one woman sidan on-top one red beast
and wetin dem rite for en body, na to curse God. Di beast get seven heads
and ten horns. 4 Di woman wear purpol and red klot kon wear gold for
neck. E wear stones and beads wey dear. E hold one gold cup for hand
and na yeye tins with sins full inside. 5 Dem rite one sekret name for en
fore head wey bi: "Babilon wey big well-well, ashawo pipol and yeye tins
mama." 6 God pipol wey dem kill and doz wey prish about Christ, I si di
woman wen e dey drink dia blood and di blood dey shark am like wine. I
sopraiz well-well wen I si di woman. 7 But di angel tell mi, "Why yu dey
sopraiz like dis? I go tell yu di sekret plan wey di woman and di beast wey
karry am, get. Dis na di beast wey get seven heads and ten horns. 8 Di
beast wey yu si, dey before, but e nor dey again and e go soon raiz kom
from di pit kon start to distroy. Den doz pipol for eart wey dia name nor
dey for di Life Book, go fear di beast. 9 (Na only pipol wey get wisdom go
undastand dis tin.) Di seven head na seven mountin wey di woman sidan
put and dem still bi seven kings. 10 Five don fall, one dey rule naw and
one go still kom, but e nor go rule tey. 11 Di beast wey dey before and nor
dey again, en ensef na di nomba eight beast, but na still one for di seven
and dem go distroy am. 12 Di ten horns wey yu si, na ten kings wey neva
get kingdom yet, but dem go give dem authority to follow di beast rule
as kings for one hour. 13 Di kings get di same mind and na di same tins
wont. And dem go give di beast dia pawa and authority. 14 Dem go follow
di Lamb fight war, but di Lamb go win dem, bikos na en bi Oga God for
all ogas, King for all kings and pipol wey dey follow di Lamb, na doz wey
e koll, choose and save."
15 Den di angel kon tell mi, "Di wota wey yu si, wey di ashawo sidan
on-top, na many pipol, tribe, kountry and language. 16 Di ten horns wey

yu si and di beast, go hate di ashawo kon kollect all wetin e get, den e go
dey naked. Dem go chop en body kon burn am with fire. 17 Bikos God
don put am for dia mind sey dem go do wetin E wont and dem go use one
mind take give dia pawas to di beast, until God word go komplete. 18 And
di woman wey yu si, na Babilon, di big town wey get pawa to rule all di
kings for di world."

# 18

*Dem Distroy Babilon*

1 Afta all dis tins, I still si anoda angel wey get betta authority, dey kom
down from heaven and di way e brite rish, kon make di eart dey shine. 2 E
shaut with loud vois sey: "E don fall! E don fall! Babilon wey big well-well
don fall! E don bikom di place where demons, evil spirits, bird and animal
wey pipol hate, dey stay. 3 Bikos en sin bi like drink wey dey shark pesin
and na-im make dem dey sleep with who dem nor marry. Na dis make am
fall and all di kings for dis eart don sleep with am and many tradas don
get plenty money, bikos of di yeye life wey e dey live."

4 Den I hear anoda vois from heaven sey, "My pipol, make una kom
out from am, so dat una nor go follow am kommit sin kon sofa di same
ponishment. 5 Bikos en sins don high rish heaven and God go remember
dem. 6 Make yu pay am as e take pay odas; pay am doubol for wetin e do.
For di wine cup wey e mix, make yu mix doubol for am. 7 As e karry ensef
up, dey enjoy yeye life, na so di sofa and sadnes wey yu go gi-am, go plenty
rish, bikos e tok for en mind sey, 'I dey rule like kween, my husband neva
die and I nor go ever si sadnes again!' 8 Bikos of dis, na one day God go
ponish am for all en sin with diziz, mourning, honga and dem go burn am
with fire, bikos na Oga God wey go judge am, get all di pawa!"

9 Den di kings for dis world wey follow am kommit sin and enjoy yeye
life, go kry kon shaut for am wen dem si di smoke from di fire wey dey
burn am. 10 Bikos di kings nor one join am sofa, dem go stand far dey sey,
"E bad well-well! Babilon, di big town wey get pawa! E bad well-well for
yu! Na for only one hour God take distroy yu finish!"

11 Den doz wey dey sell tins go kry and mourn for am, bikos nobody go
buy dia tins again. 12 Tins like gold, silva, stone wey dear, beads, fine linen,
purpol klot, silk material, red klot and difren tins wey dem take wood wey
dear, bronze, iron and marbol make. 13 Cinnamon, spices, incense, pomade
wey dey send well, frankincense, wine, olive oil, flower wey dem take dey
make bread, melu, sheep, shariot, slaves and human being soul. 14 (Di ripe
fruit wey dey hongry yu well-well to enjoy and di tins wey dey sweet yu,
don leave yu and yu nor go ever si dem again!)

15 Doz wey dey sell and get money from am, go stand far, bikos dem nor
one join am sofa and dem go kry and mourn for am. 16 Dem go sey, "E
bad well-well! Babilon, di big town wey wear fine linen, purpol and red
klot, plus gold, stone wey dear and beads! E bad well-well for yu! 17 Bikos
na only one hour God take distroy dis big town finish!"

And evry ship, dia kaptain and pasenja, plus evribody wey dey work
for sea, go stand far, 18 bigin shaut wen dem si di smoke from di fire wey
dey burn di town kon dey sey, "Who get pawa rish dis big town, Babilon?"
19 Den dem go pak dust for dia head kon dey kry and mourn:

“E bad well-well! Babilon,
di big town and where all doz
wey get ship for sea dey from get money,
bikos na only one hour God take distroy am!
E bad well-well for yu!
20 Evribody wey dey heaven,
God pipol, di apostles and profets,
make una happy
bikos God don judge and kondemn am
bikos of una!”
21 Den one angel wey get pawa, pick one big stone, trow am inside sea
kon sey:
“Na so dem go take trowey Babilon
di big town with force enter sea!
22 So, di pipol wey dey play harp,
sing music, blow flute and trumpet,
dem nor go ever hear dia sound from yu again.
Doz wey get handwork and business pipol,
dem nor go ever si dem inside yu again.
Pipol wey dey grind tins,
dem nor go ever hear dia nois inside yu again.
23 Even lantan lite nor go ever shine inside yu again!
Dem nor go ever hear sey man and woman
dey marry inside yu again.
Na yor tradas get pawa pass for dis world,
bikos yu take yor majik deceive all di oda kountries!
24 God pipol, di profets and doz wey yu kill for dis world,
God don si dia blood inside yu.”

# 19

### *Party For Heaven*

1 Afta dis tins, I hear wetin bi like many pipol vois for heaven dey sey:
“Halleluya! Make salvashon, glory and pawa
bi awa God own,
2 bikos en judgement dey true and korrect.
E don ponish dat ashawo
wey spoil di world with en sins,
as e dey sleep with who e nor marry
and God don revensh am for Christ savants wey e kill!”
3 Den di pipol shaut again, “Halleluya! Di smoke from di fire wey burn
am go dey go up forever and ever!” 4 Di twenty-four eldas and di for
creatures kon bow and woship God wey sidan for di throne sey, “Amen!
Halleluya!”
5 Den one vois tok from di throne sey: “Wi wey bi God savant, make wi
praiz am! All of una wey dey fear am, both small and big, make una praiz
am too!”

### *Di Lamb Marriage*

6 Den I hear many pipol vois wey bi like river and tonda nois dey shaut:
“Halleluya! Na awa Oga God wey get all pawa dey rule! 7 Make wi happy
well-well kon gi-am glory, bikos di Lamb marriage don rish and di pesin

wey E won marry, don ready too.” [8] Dem allow am wear klean linen wey
dey shine, (Dis linen mean di good tins wey God pipol do).
[9] Den di angel tell mi, “Rite dis tin wey I won tok naw: ‘God don bless
pipol wey en invite kom chop for di Lamb marriage!’ ” E still tell mi sey,
“Dis na God true word.” [10] So, I kon bow make I for woship di angel, but e
sey, “Nor do dis tin! I bi savant and broda like yu wey whole di trut about
Jesus well. Make yu woship only God, bikos na di profesy spirit bi di true
word about Christ.”

### *God Pikin Go Fight War*

[11] Den I si heaven open and one white horse dey kom out! Dem dey
koll di Pesin wey dey ride di horse, “Faithfulnes and Trut.” E dey judge
without parsha or wayo even as E dey go fight war. [12] En eyes bi like fire
wey dey burn well-well and many crowns dey en head. Di name wey dem
rite for en head, nobody know am, escept en ensef. [13] E wear klot wey
dem soak inside blood and di name wey dem dey koll am, na God Word.
[14] Di sojas wey dey heaven, wear white linen kon enter white horse dey
follow am. [15] One sharp swod dey kom out from en mout and e go take am
distroy all di kountries. E go rule dem with strong hand and E go mash di
grapes wey dey bring wine with strong vexnashon, bikos na God get all di
pawa. [16] For en klot and lap, wetin dem rite put na: “King and Oga God
wey big pass.”
[17] Den I si one angel stand for di sun and e shaut give all di bird for
sky sey: “Make una kom, make una gada round kom chop for God party.
[18] Make una kom chop kings, ofisas, sojas, dia horse, di drivers and human
being flesh: weda dem dey free or dem bi slave, big or small pipol, make
una kom chop beleful!”
[19] Den I si di beast, di kings wey dey di world, dia sojas, as all of dem
gada to fight di Pesin wey dey ride di horse and en sojas. [20] So dem seize
di beast and di fake profets wey dey help am do mirakles to deceive pipol
wey kollect di beast mark and woship en image. Den dem trow dem two
inside di fire wey sulfur dey and di fire burn dem alive. [21] Dem take di
swod wey dey kom out from di Pesin wey dey ride di horse mout, kon kill
di odas, den all di birds chop dia body till di beleful.

## 20

### *1,000 Years*

[1] Den I si one angel dey kom down from heaven, e whole di pit key and
one big shain. [2] E seize di dragon, dat old snake wey bi Satan di devil and
dem don tie am der for like 1,000 years. [3] Den di angel trow am put for di
pit kon lock di door with key, so dat e nor go fit deceive pipol until di 1,000
years don komplete. (Afta dis tins, dem must free am for short time.)
[4] Den I si thrones and pipol wey God don give authority to judge, sidan
on-top di thrones. Doz wey dem kut dia head komot bikos of di trut about
Christ and God word, I still si dem too. Dis ones nor woship di beast or en
image and dem nor gri make dem put en mark for dia fore head or hand.
Dis pipol raiz-up kom life kon rule with Christ for 1,000 years. [5] (But di rest
pipol wey don die nor go live again, until di 1,000 years don komplete.)
Dis na di first resureshon. [6] God don bless di holy pipol wey join for di

first resureshon! And dis pipol nor go die again, but dem go bi God and
Christ priests and dem go rule with am for 1,000 years.

*Dem Win Satan*

7 Wen di 1,000 years don finish, God go free Satan from en prison 8 and
e go-go deceive pipol for di world; e go bring Gog and Magog togeda kon
fight di war and dem go many like san-san for sea. 9 Dem go waka round
di world and where God pipol dey stay and di town wey evribody love,
fire go kom down from heaven kon burn am finish. 10 Den, dem go trow di
devil wey deceive pipol inside God fire. Den di beast and en fake profets
go sofa both day and nite forever and ever.

*Di White Big Throne*

11 Den I si one big white throne and di Pesin wey sidan put. Eart and
heaven run komot from en present and dem nor si where to hide put.
12 And I si di pipol wey don die, both big and small, as dem stand for di
throne front. Dem open plenty books and den kon open anoda book wey
bi di Life Book. And dem judge doz wey don die akordin to wetin dem rite
for di books sey dem do. 13 And doz wey don die inside sea kon kom out.
Deat and grave release di ones wey dey inside dem and God judge dem
akordin to wetin dem do. 14 Den dem trow deat and grave inside di fire.
Dis fire na di sekond deat. 15 Anybody wey dem nor si en name inside di
Life Book, dem go trowey am inside di big fire.

# 21

*New Heaven And Eart*

1 Den I si new heaven and new eart. Di first heaven and eart nor dey
again and di sea vanish. 2 And I si di holy town, di new Jerusalem, dey
kom down from heaven from God and dem dress am like woman wey won
go meet en husband. 3 And I hear one loud vois from di throne dey sey:
"Make yu look! God house don dey with human being naw. E go stay with
dem and dem go bi en pipol. God ensef go dey with dem. 4 E go klean evry
tears from dia eye and deat nor go dey again. To dey mourn, kry and pain
nor go dey again, bikos di tins wey dey before, don vanish."
5 And di Pesin wey sidan for di throne kon sey: "Make yu look! I dey
make evritin new!" Den E kon tell mi, "Make yu rite all dis tins, bikos
dis word na word wey pipol fit trust and na true." 6 E still tell mi, "God
don do am finish! Na mi bi di Alfa and Omega, di startin and di ending.
Anybody wey dey hongry for wota, I go gi-am wota wey dey give life and
e nor go pay. 7 Di pesin wey win, go inherit dis tins. I go bi en God and
e go bi my pikin. 8 But for pipol wey fear nor dey let dem do wetin good;
doz wey nor bilive mi, doz wey nor dey obey mi; doz wey kill odas; pipol
wey dey sleep with who dem nor marry; doz wey dey do majik; pipol wey
dey serve juju and evribody wey dey tok lie, na inside di fire and sulfur
dem go-go. And na dat bi di sekond deat."

*Di New Jerusalem*

9 Den one for di seven angel wey bin whole di seven basin wey di seven
last ponishment full, waka kon tell mi sey, "Make yu kom, so dat I go show
yu di woman wey won marry; di Lamb wife!" 10 So for di vishon, di angel
karry mi go one big fine mountin and e show mi di holy town, di new

Jerusalem as e dey kom out from heaven from God. 11 Di town get God
glory and di way e dey shine, bi like stone wey dear; like jasper stone wey
dey shine. 12 E get big wall wey high with twelf gate and dem rite di twelf
tribes for Israel put. 13 Three gate dey for di east side, three dey for di
nort, three dey for di sout and three dey for di west side. 14 Di town wall
get twelf foundashon and dem rite di Lamb twelf apostle name put for di
twelf foundashon.

15 Di angel wey tok to mi, whole ruler for hand wey e go take measure di
town, en foundashon stone and di wall. 16 Dem build di town like skware
and as e long rish, na so e still wide rish too. E measure di town with di
ruler and na 1,000 for hundred mile e bi (as e long rish, na so e still wide
and high rish, all of dem dey ekwol). 17 E still measure di wall and na one
hundred and forty-four cubit e bi and na as human being dey measure,
naim di angel take measure. 18 Na jasper dem take make di town wall and
na pure gold wey klear like glass, dem take make di town ensef. 19 Dem
take difren stone wey dear take design di wall. Di first foundashon stone
wey dem use na jasper, den safaya, agate, emerald, 20 onyx, karnelian,
chrysolite, beryl, topaz, krisoprase, jacint and ametist. 21 Di twelf gate for
di town na twelf stones wey dear. Dem make each gate with one stone!
Na pure gold wey klear like glass dem take make di town main road.

22 I nor si any temple for di town, bikos Oga God, di one wey get all
pawa and di Lamb, na dem bi di temple. 23 Di town nor nid sun or moon
to shine, bikos God glory dey shine put and na di Lamb bi en lite. 24 Na di
town lite go show pipol road and di kings wey dey for di world go bring
evritin wey dem get kom inside. 25 Dem nor go ever klose di gate for day
(and nite nor go dey der). 26 Dem go take evritin wey di nashons get enter
di town. 27 But know dirty or yeye tin go ever enter di town. Pesin wey
dey do bad or dey lie, nor go ever enter der, but di pipol wey go enter, na
only doz wey dem rite dia name for di Lamb Life Book.

# 22

*River Wey Dey Give Life*

1 Den di angel show mi di river wey dey give life. Di river klear like
crystal and e dey pour kom from God and di Lamb throne. 2 E dey rush
pass di town main road. For each side for di river, di tree wey dey give life
dey bear twelf fruit and e dey bear one evry mont. Di leaf for di tree na to
heal evry nashon for di world. 3 Anytin wey God don swear for, go vanish.
God and di Lamb throne go dey for dat town and en savants go woship
am for der forever. 4 Dem go si en face and en name go dey dia fore head.
5 Nite nor go dey again and dem nor nid lantan or sun lite, bikos God go
bi dia lite and dem go rule forever and ever with am.

*Jesus Go Kom*

6 Den di angel tell mi, "Pipol fit trust dis word bikos na true. God wey bi
di profets spirit Oga God, don send en angels kon show en savants wetin
go soon happen."
7 (Si! I go soon kom!
God don bless di pesin wey go obey di profesy wey dey dis book.)

8 Na mi, John, hear and si dis tins. Wen I hear and si dem, I bow for
groun to woship di angel wey dey show mi dis tins. 9 But e tell mi, "Nor
do like dat! I bi savant like yu, like yor brodas di profets and doz wey go
obey di words wey dey dis book. So make wi woship only God!" 10 Den
e tell mi, "Nor klose di words wey dey dis book, bikos di time don near.
11 Make di pesin wey dey do bad, kontinue to dey do bad and doz wey get
dirty life must kontinue to live like dat. Di pesin wey dey do wetin good
for God eye, make e kontinue to do am and di ones wey dey holy, must
kontinue to dey holy."

12 (Si! I go soon kom
and my reward dey with mi.
I go pay evribody
akordin to wetin dem don do!
13 Na mi bi di Alfa and Omega,
di First and di Last,
di Startin and di Ending!)

14 God don bless doz wey wosh dia klot klean, so dem go get authority
to chop from di tree wey dey give life and dem go fit pass di gate enter di
town. 15 Pipol wey dey do like dogs, doz wey dey do majik and kill odas;
doz wey dey serve juju and dey like to lie, all of dem nor go enter di town.

16 "Mi, wey bi Christ, I don send my angel make e kom tell di pipol for
di church di trut about dis tins. I kom from David family and na mi bi
di brite Star wey dey shine for morning!" 17 Di Spirit and di Bride sey,
"Kom!" Make di pesin wey hear sey, "Kom!" And anybody wey wota dey
hongry, make e kom; di pesin wey wont di wota wey dey give life, make e
drink from am free of sharge.

18 I dey warn evribody wey dey read di profesy wey dem rite for dis
book: If anybody add join wetin dey dis book, di wahala wey dey dis
book, God go add am join en life. 19 And if anybody remove any word
from dis profesy book, wetin suppose bi en own for di tree wey dey give
life and for di holy town wey dem diskribe for dis book, God go take am
from am.

20 Di Pesin wey dey tok dis tins, know sey dis tins na true. Jesus Christ
sey, "True-true, I go soon kom!" Amen! Oga God Jesus, make yu kom!
21 Make Oga God Jesus Christ grace dey with all of una. Amen!